

LIV
MÒMON

DOKTRIN
AK
ALYANS

PÈL
GRAN PRI

LIV MÒMON AN

Yon Lòt Temwayaj Konsènan
Jezikri

DOKTRIN AK ALYANS

LEGLIZ JEZIKRI POU
SEN DÈNYE JOU YO

PÈL GRAN PRI A

Publikasyon:

Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo
Salt Lake City, Utah, Etazini Damerik

Tanpri, voye kòmantè oswa sigjesyon nan
scriptures@ChurchofJesusChrist.org oswa voye l nan
Scriptures Coordination, 50 East North Temple Street, 24th Floor,
Salt Lake City, UT 84150-3220 USA.

© 2020 by Intellectual Reserve, Inc.

All rights reserved.

Printed in the United States of America 6/2021

English approval: 3/15

Translation approval: 3/15

Translation of the Book of Mormon, Doctrine and Covenants,
and Pearl of Great Price

Haitian Creole

KONTNI

Liv Mòmòn

Entwodiksyon	vii
Temwayaj Twa Temwen yoix
Temwayaj Ywit Temwen yo.ix
Temwayaj Pwofèt Joseph Smithxi
Esplikasyon Brèf	xv
1 Nefi 1
2 Nefi	55
Jakòb	124
Enòs	143
Jawòm	146
Omni	147
Pawòl Mòmòn yo	150
Mozya.	152
Alma	217
Elaman	387
3 Nefi	427
4 Nefi	488
Mòmòn	492
Etè	512
Mowoni	544

Doktrin ak Alyans

Entwodiksyon v
Lòd Sijè yo Daprè Dat yo. x
Seksyon yo. 1
Deklarasyon Ofisyèl yo	315

Pèl Gran Pri

Entwodiksyon v
Moyiz 1
Abraram.	31
Matye—Joseph Smith	48
Istwa—Joseph Smith	52
Atik Lafwa yo	68

Apendis

Gid Ekriti yo 1
Kwonoloji	197
Amoni levanjil yo	201
Tradiksyon Joseph Smith.	207
Kat Jeyografik Bib la.	247
Foto Bib yo.	269
Kat Jeyografik Istwa Legliz la.	303
Foto Istwa Legliz yo.	313

ABREVIYASYON

<i>Ansyeu Testaman</i>		Nawoum	Nawoum	<i>Liv Mòmou</i>	
Jen.	Jenèz	Aba.	Abakik	1 Ne.	1 Nefi
Egz.	Egzòd	Sof.	Sofoni	2 Ne.	2 Nefi
Lev.	Levitik	Aje	Aje	Jakòb	Jakòb
Nonb	Nonb	Zak.	Zakari	Enòs	Enòs
Det.	Detewonòm	Mal.	Malachi	Jawòm	Jawòm
Joz.	Jozye			Omni	Omni
Jij	Jij	<i>Nouvo Testaman</i>		P—M	Pawòl Mòmou
Rit	Rit	Mat.	Matye		yo
1 Sam.	1 Samyèl	Mak	Mak	Mozya	Mozya
2 Sam.	2 Samyèl	Lik	Lik	Alma	Alma
1 Wa	1 Wa	Jan	Jan	Ela.	Elaman
2 Wa	2 Wa	Tra.	Travay	3 Ne.	3 Nefi
1 Kwo.	1 Kwouik	Wom.	Woumen	4 Ne.	4 Nefi
2 Kwo.	2 Kwouik	1 Kor.	1 Korentyen	Mòm.	Mòmou
Esd.	Esdras	2 Kor.	2 Korentyen	Etè	Etè
Ney.	Neyemi	Gal.	Galat	Mowo.	Mowoni
Estè	Estè	Efe.	Efezyen		
Jòb	Jòb	Filip.	Filipyen	<i>Doktrin ak Alyans</i>	
Sòm	Sòm	Kol.	Kolosyen	D&A	Doktrin ak
Pwov.	Pwovèb	1 Tes.	1 Tesalonisyen		Alyans
Ekl.	Eklezyas	2 Tes.	2 Tesalonisyen	DO	Deklarasyon
Kant.	Kantik Salomon	1 Tim.	1 Timote		Ofisyèl
	yo	2 Tim.	2 Timote		
Eza.	Ezayi	Tit	Tit	<i>Pèl Gran Pri</i>	
Jer.	Jeremi	Fil.	Filemon	Moyiz	Moyiz
Lam.	Lamantasyon	Ebre	Ebre	Abr.	Abraram
Ezek.	Ezekyèl	Jak	Jak	M—JS	Matye—
Dan.	Danyèl	1 Pyè	1 Pyè		Joseph Smith
Oze	Oze	2 Pyè	2 Pyè	I—JS	Istwa—
Jowèl	Jowèl	1 Jn.	1 Jan		Joseph Smith
Amòs	Amòs	2 Jn.	2 Jan	AL	Atik Lafwa
Abd.	Abdyas	3 Jn.	3 Jan		
Jonas	Jonas	Jid	Jid		
Miche	Miche	Apok.	Apokalips		

Lòt Abrevyasyon ak Eksplikasyon

TJS	Tradiksyon Joseph Smith
GE	Gid Ekriti yo
NLE	(Nan lang Ebre) Yon tradiksyon antre soti nan lang Ebre ya
NLG	(Nan lang Grèk) Yon tradiksyon antre soti nan lang Grèk ya
SVD	(Sa vle di) Yon eksplikasyon idyòm yo ak konstriksyon difisil yo
OUBYEN	Sa vle di ke mo antre soti an apre yo la pou rann klè siyifikasyon ekspresyon akayik yo

LIV MÒMON AN

Yon Lòt Temwayaj Konsènan
Jezikri

Premye edisyon Anglè a te pibliye nan
Palmyra, New York, Etazini Damerik, an 1830

LIV MÒMON AN

YON ISTWA EKRI PA

MEN MÒMON

SOU PLAK

KI TE SÒTI NAN PLAK NEFI YO

Se poutèt sa, li se yon rezime istwa pèp Nefi a, ak Lamanit yo—Li te ekri pou Lamanit yo, ki se yon rès nan kay Izrayèl la; epi pou Juif ak Janti yo—Li te ekri dapre kòmandman, dapre lespri pwofesi epi avèk lespri revelasyon—Yo te ekri, yo te sele epi yo te kache nan Senyè a pou yo pa t detwi yo. Pou yo parèt dapre don ak pouvwa Bondye pou entèpretasyon l. Mowoni te mete so sou yo avèk men li epi yo te kache nan Senyè a, pou parèt lè tan an rive pa mwayen Janti yo—Tradiksyon an pral fèt dapre don Bondye.

Yon rezime ki sòti nan Liv Etè a tou, ki se istwa pèp Jarèd la, ki te gaye nan moman Senyè a te konfonn langaj pèp la, lè yo t ap bati yon tou pou yo monte nan syèl la. Sa vle montre rès kay Izrayèl la ki kalite gwo bagay Senyè a te fè pou zansèt yo; e pou yo kapab konnen alyans Senyè a yo, pou Senyè a kapab pa rejte yo pou tout tan. Epi tou pou Juif ak Janti kapab gen konviksyon, JEZI se KRIS la, BONDYE ETÈNÈL la, ki manifeste tèt li devan tout nasyon yo kounyeya, si gen fòt se erè lèzòm yo ye; se poutèt sa, pa kondane bagay Bondye, pou w kapab san tach devan fotèy jijman Kris la.

JOSEPH SMITH, PITIT LA
TE FÈ TRADIKSYON ORIJINAL APATI PLAK YO
NAN LANG ANGLÈ

KONTNI

Entwodiksyon	vii
Temwayaj Twa Temwen yo	ix
Temwayaj Ywit Temwen yo	ix
Temwayaj Pwofèt Joseph Smith	xi
Esplikasyon Brèf	xv
1 Nefi	1
2 Nefi	55
Jakòb	124
Enòs	143
Jawòm	146
Omni	147
Pawòl Mòmòn yo	150
Mozya	152
Alma	217
Elaman	387
3 Nefi	427
4 Nefi	488
Mòmòn	492
Etè	512
Mowoni	544

ENTWODIKSYON

Liv Mòmmon an se yon liv ekriti sen ki konparab ak Bib la. Se istwa relasyon Bondye avèk kèk nan ansyen abitan peyi Amerik yo e li genyen plenitid levanjil etènèl la.

Anpil ansyen pwofèt te ekri liv la pa mwayen lespri pwofesi ak revelasyon. Yon pwofèt-istoryen ki rele Mòmmon te kopye epi rezime pawòl pwofèt yo ki te ekri sou plak lò yo. Rejis la rakonte istwa de gwo sivilizasyon. Youn te sòti nan Jerizalèm 600 zan ANVAN JEZIKRI epi apre sa li te separe fè de nasyon, ki rele Nefit ak Lamanit. Lòt la te vini lontan anvan sa, lè Senyè a te konfonn langaj yo nan Toudebabèl la. Gwoup sa a te rele Jaredit. Apre anpil milye ane, yo tout te detwi eksepte Lamanit yo, epi yo konte pami zansèt Endyen Amerik yo.

Pi gran evènman ki anrejistre nan Liv Mòmmon an se ministè pèsonèl Senyè Jezikri a nan pami Nefit yo yon ti tan apre rezirèksyon Li a. Liv la esplike doktrin levanjil la, li trase plan sali a e li di lèzòm kisa yo dwe fè pou yo gen lapè nan lavi sa a ak sali etènèl nan lavi k ap vini an.

Lè Mòmmon te fin konplete ekriti li yo, li te bay pitit gason li a, Mowoni, liv la, epi Mowoni te ajoute kèk pawòl pa li, epi li te sere plak yo nan Kolin Kimora a. Nan dat 21 Septanm 1823, menm Mowoni sa a ki te vin tounen yon èt resisite glorifye, te parèt devan Pwofèt Joseph Smith epi li te enstwi l konsènan ansyen rejis la ak tradiksyon l ki dwe fèt nan lang Anglè.

Lè moman an te rive Joseph Smith te resevwa plak yo epi li te tradui yo pa mwayen don ak pouvwa Bondye. Kounyeya rejis la bibliye nan anpil lang kòm yon nouvo temwen anplis, pou fè konnen Jezikri se Pitit Gason Bondye vivan an, epi tout moun ki vin jwenn Li epi ki obeyi lalwa ak òdonans levanjil Li a kapab sove.

Konsènan rejis sa a Pwofèt Joseph Smith te di: “M te di frè legliz yo Liv Mòmmon an se liv ki pi kòrèk pase tout lòt liv sou tè a, e li se fondman relijyon nou an, e si yon moun suiv presèp liv la, l ap vin pi pre Bondye pase si l suiv presèp nenpòt lòt liv.”

Anplis Joseph Smith, Senyè a te chwazi onz lòt moun pou wè plak lò yo pou tèt pa yo, e pou yo te kapab sèvi kòm temwen espesyal konsènan verite ak divinite Liv Mòmmon an. Temwayaj yo fè pati ekriti ki nan liv la kòm “Temwayaj Twa Temwen” ak “Temwayaj Ywit Temwen.”

Nou envite tout moun tout kote pou yo li Liv Mòmmon an, pou yo medite sou mesaj ki nan liv la nan kè yo, e apre sa, pou yo mande

Bondye, Papa etènèl la, nan non Kris la si liv la se verite. Moun ki suiv enstriksyon sa yo e ki mande avèk lafwa ap gen temwayaj konsènan verite l ak divinite l pa pouvwa Sentespri a. (Gade Mowoni 10:3–5.)

Moun ki resevwa temwayaj diven sa a nan men Lespri Sen an ap vin konnen tou pa mwayen menm pouvwa sa a Jezikri se Sovè mond lan, Joseph Smith se revelatè ak pwofèt Li nan dènye jou sa yo, epi Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo se wayòm Senyè a ki tabli yon fwa ankò sou tè a pou prepare Dezyèm Vini Mèsi a.

TEMWAYAJ TWA TEMWENYO

Se pou tout nasyon, fanmi, lang, ak pèp ki resevwa liv sa a konnen: Nou menm, pa mwayen lagras Papa Bondye ak Senyè Jezikri nou an, nou te wè plak ki gen rejis yo, ki se istwa pèp Nefi a ak Lamanit yo, frè Nefit yo, epi tou ak pèp Jarèd la, ki te sòti nan toudebabèl yo te pale a. Epi tou nou konnen se avèk don ak pouvwa Bondye yo te tradui, paske vwa l te deklare nou sa; se poutèt sa, nou konnen sètènman travay sa a se verite. Epi tou nou temwaye pou fè konnen nou te wè ekriti ki te sou plak yo; epi se pouvwa Bondye ki te montre nou yo, se pa pouvwa lèzòm. Epi nou deklare avèk tanperans yon zanj Bondye te desann sòti nan syèl la, li te pote devan je nou, nou te gade, e nou te wè plak yo ak ekriti ki te sou yo a; epi nou konnen se avèk lagras Papa Bondye yo, ak Senyè Jezikri nou an nou te wè, epi nou rann temwayaj bagay sa yo se verite. Epi li se yon mèvèy nan je nou. Sepandan, vwa Senyè a te kòmande nou pou nou rann temwayaj konsènan li; se poutèt sa pou nou kapab obeyi kòmandman Bondye, nou rann temwayaj konsènan bagay sa yo. Epi nou konnen si nou fidèl nan Kris la, n ap netwaye san tout moun sou rad nou, epi n ap san tach devan fotèy jijman Kris la, epi n ap rete avèk li etènèlman nan syèl la. Epi onè a se pou Papa a, ak Pitit Gason an, ak Sentespri a, ki se yon sèl Bondye. Amèn.

OLIVER COWDERY
DAVID WHITMER
MARTIN HARRIS

TEMWAYAJ YWIT TEMWENYO

Se pou tout nasyon, fanmi, lang, ak pèp ki resevwa liv sa a konnen: Joseph Smith, pitit la, tradiktè travay sa a te montre nou plak yo te mansyone yo, ki sanble avèk lò; epi nou te touche avèk men nou, tout paj nonm ki rele Smith la te tradui yo; epi tou nou te wè ekriti yo, yo tout te sanble avèk travay ansyen ki te fèt avèk swen. Epi nou temwaye avèk pawòl tanperans ke nonm ki rele Smith la te montre nou yo, paske nou te wè yo epi nou te soulve yo, epi nou konnen sètènman nonm ki te rele Smith la te gen plak nou te pale yo. Epi nou

bay mond lan non nou, pou nou temwaye devan mond lan, pou sa nou te wè. Epi nou pa manti, Bondye sèvi nou temwen.

CHRISTIAN WHITMER

JACOB WHITMER

PETER WHITMER, PITIT LA

JOHN WHITMER

HIRAM PAGE

JOSEPH SMITH, PAPA A

HYRUM SMITH

SAMUEL H. SMITH

TEMWAYAJ PWOFEÛT JOSEPH SMITH LA

Men pawòl pa Pwofèt Joseph Smith konsènan aparisyon Liv Mòmòn an:

“Nan sware venteyinyèm Septanm [1823] a . . . m te lage tèt mwen nan la priyè ak siplikasyon devan Bondye Toupuisan an. . .

“Pandan m te an aksyon m t ap priye Bondye a, m te remake yon limyè ki t ap parèt nan chanm mwen an, ki te kontinye grandi jistan chanm nan te vin pi klere pase midi, epi imedyatman, yon pèsònaj te parèt devan kabann mwen an, li te kanpe sispannd anlè, paske pye l yo pa t touche planche a.

“Li te abiye avèk yon wòb ki te blanch pase tout lòt. Se te yon blanchè ki te depase nenpòt bagay terès m pa t janm konn wè; ni tou m pa kwè okenn moun ta kapab fè okenn bagay terès vin parèt byen blanch ak briyan konsa. Men li pa t kouvri, ak bra li tou, yon ti jan anwo ponyèt li; pye li tou, ak janm li, yon ti jan anwo jwenti yo. Tèt li ak kou l pa t kouvri tou. M te kapab dekouvri li pa t gen okenn lòt rad sou li eksepte wòb sa a, kòm li te louvri, konsa m te kapab wè lestomak li.

“Non sèlman wòb sa a te blanch anpil, men, tout kò li te pi gloufifye pase tout deskripsyon, epi aparans li te gade tankou zeklè. Chanm nan te klere anpil, men li pa t osi klere menm jan tankou alantou pre kò li. Lè m te gade l pou premye fwa a, m te pè; men, lakrent la te kite m lamenn.

“Li te site non mwen, epi li te di m konsa li se yon mesajè ki te soti nan prezans Bondye vin kote m, epi li te rele Mowoni; li te di konsa, Bondye gen yon travay pou mwen fè; epi non mwen ta pral site pou byen ak mal pami tout nasyon, fanmi, ak lang, oubyen, yo t ap pou ni byen ak mal pami tout pèp.

“Li te di konsa te gen yon liv ki te antere, ki te ekri sou plak lò, ki rakonte istwa ansyen abitan yo ki te sou kontinan sa a, ak sous yo. Li te di tou, plenitid levanjil etènèl la nan liv la tou, jan Sovè a te bay ansyen abitan yo li.

“Epi tou te gen de wòch kristal ki mare nan sèk ann ajan—epi wòch kristal sa yo te tache sou yon boukliye ki te fòmè sa ki rele Ourim ak Toumim nan—ki te antere avèk plak yo; epi posesyon ak itilizasyon wòch sa yo te kalifye yon moun antanke ‘vwayan’ nan ansyen tan oubyen tan anvan yo; epi Bondye te prepare yo nan bi pou tradui liv la. . .

“Epi, li te di m konsa lè m jwenn plak sa yo li te pale a—paske lè pou m te jwenn yo a pa t ko akonpli—m pa dwe montre pèsonn

moun yo; ni boukliye ki gen Ourim ak Toumim nan; se sèlman moun m gen kòmandman pou m montre yo; si m ta fè sa, m t ap detwi. Pandan li t ap konvèsè avèk mwen konsènan plak yo, vizyon an te louvri nan panse m epi m te kapab wè plas plak yo te antere a, epi sa te tèlman klè, tèlman presize, m te deja konnen plas la lè m te vizite l.

“Aprè kominikasyon sa a, m te wè limyè nan chanm nan te kòmanse rasanble dirèkteman alantou moun ki t ap pale avèk mwen an, epi l te kontinye fè sa jistan chanm nan te vin fènwa ankò, eksepte dirèkteman alantou li; epi menm moman an, m te wè kòm si yon ouvèti te louvri dwat anlè nan syèl la, epi l te monte jistan l te disparèt totalman, epi chanm nan te vin menm jan l te ye anvan limyè selès sa a te fè aparasyon l nan.

“M te kouche ap reflechi sou jan sèn sa a te etranj, epi m te nan etone anpil pou bagay mesajè ekstraòdinè sa a te di m yo; pandan m te nan mitan meditasyon m nan, menm moman, m te dekouvri chanm mwen an te kòmanse limen ankò, epi yon moman, kòm sa te sanble, menm mesajè selès la te bò kote kabann mwen ankò.

“Li te kòmanse, epi li te rakonte menm bagay egzat li te di nan premye vizit li a ankò, san menm von tikal chanjman; lè l te fin fèt sa, li te enfòmè m konsènan gran jijman ki te gen pou vini sou tè a, avèk gran dezolasyon anba grangou, epe, ak lapès; epi gran jijman sa yo ta pral vini sou tè nan jenerasyon sa a. Lè l te fin rakonte bagay sa yo, li te monte ankò jan l te fè anvan an.

“Aprè tout tan sa a, enpresyon ki te fèt sou panse m yo te tèlman pwofon, m pa t gen dòmi ankò, epi m te kouche anvayi anba etònman pou sa m te wè ak tandè. Men, m te gen sipriz lè m te wè menm mesajè a bò kabann mwen an ankò, epi m te tandè li reprann oubyen repete m menm bagay anvan yo; epi li te ajoute yon avètisman ban mwen, li te di m konsa Satan ta pral eseye tante m (kòm konsekans poutèt povrete fanmi m), pou m ale pran plak yo nan objektif pou m kapab vin rich. Li te defann mwen fè bagay sa a, li te di konsa, m pa dwe gen okenn lòt objektif nan tèt mwen lè m ap pran plak yo, eksepte pou m glorifye Bondye, epi tou m pa dwe kite okenn lòt motif enfliyansè m eksepte pou m bati wayòm li a; si se pa sa, m p ap kapab jwenn yo.

“Aprè twazyèm vizit sa a, li te remonte nan syèl la jan l te fè anvan an, epi m te rete pou kont mwen ap reflechi sou jan eksperyans me te fèk fè a te etranj; epi prèske imedyatman aprè mesajè selès la te fin monte kite m pou twazyèm fwa a, kòk la chante, epi m te wè jou a t ap pwoche, konsa konvèsasyon nou an te pran tout nuit la.

“M te reveye sou kabann mwen yon ti tan aprè sa, epi kòm

dabitud, m t ale nan travay ki nesèsè pou jwnen an; men, lè m t ap eseye travay jan m te konn fè lòt fwa yo, m te tèlman fèb sa te fè m pa kapab ditou. Papa m ki t ap travay avèk mwen te dekouvri yon bagay ki pa t nòminal nan mwen, epi l te di m pou m ale lakay. M te pati nan entansyon pou m ale lakay; men, lè m te eseye travèse lan-touraj nan limit chan kote nou te ye a, m te pèdi fòs nèt, epi m te tonbe san sekou atè a, epi pou kèk tan, m te san konesans.

“Premye bagay m kapab sonje se te yon vwa ki te ap pale avèk mwen, ki te site non m. M te gade anlè, epi m te wè menm mesajè a ki te kanpe anlè tèt mwen, ki te antoure avèk limyè menm jan avèk anvan an. Li te rekonte m tout bagay li te rekonte nan nuit anvan an, epi l te kòmande m pou m ale kote papa m e pou m rakonte l vizyon ak kòmandman m te resevwa yo.

“M te obeyi; m te retounen kote papa m nan chan an, epi m te rakonte l tout bagay. Li te di m se konsa, se zafè Bondye, epi li te di m pou m ale fè jan mesajè a te kòmande m nan. M te kite chan an epi m ale kote mesajè a te di m plak lò yo te depoze a; epi granmèsi pou vizyon anèk presize m te fè a, m te konnen plas la menm moman m te rive a.

“Nan vilaj Manchester a, Konte Ontario, New York, te gen yon kolin men gwoèsè konsiderab, epi ki te pi wo nan tout vwazinaj la. Sou kote lwès kolin sa a, pa twò lwen tèt la, anba yon wòch men gwoèsè konsiderab, plak yo te kouche, yo te depoze nan yon bwat an wòch. Bwat la te epè, epi l te won nan mitan sou fas ki pi wo a, epi li te pi plat sou kote yo, konsa pati ki nan mitan an te vizib anlè tè a, men, kote alantou yo te kouvri anba tè a.

“Lè m te fin wete tè yo, m te jwenn yon levye, m te foure anba kote wòch la, epi avèk yon ti efò, m te leve l. M te gade andedan l, epi gade m te wè plak yo, Ourim ak Toumim nan, ak boukliye a, jan mesajè a te di a. Bwat kote yo te ye a te fòme avèk wòch ki te kole ansanm avèk yon kalite siman. Anba bwat la te gen de wòch ki te kwaze youn sou lòt travèse andedan bwat la, epi se sou wòch sa yo plak yo ak lòt bagay ki te avèk yo a te depoze.

“M te eseye wete yo, men mesajè a te defann mwen, epi li te fè m sonje lè pou yo pibliye a patko rive, ni tou li pako ap rive anvan ka-tran apati lè sa a; men li te di m konsa m dwe retounen nan kote sa a presizeman nan yon ane apati lè sa a, epi li t ap rankontre m nan kote sa a, epi m te dwe kontinye fè sa jistan lè a te rive pou m resevwa plak yo.

“Daprè jan l te kòmande m nan, m te ale nan finisman chak ane, epi chak fwa, m te jwenn menm mesajè a nan kote sa a, epi me te resevwa enstriksyon ak enfòmasyon nan men l nan chak konvèsasyon

nou yo, konsènan kisa Senyè a ta pral fè, kòman epi nan ki fason wayòm li a ta dwe dirije nan dènye jou yo. . . .

“Alafen, lè a te rive pou m te jwenn plak yo, Ourim ak Toumim nan, ak boukliye a. Nan venndezyèm jou mwa Septanm, mil ywisan vennsèt la, pandan m te ale kòm dabitid kote yo te depoze, menm mesaje selès la te livre yo ban mwen avèk responsablite sa a: pou m responsab yo; si m ta kite yo san pwoteksyon, oubyen poutèt nenpòt neglijan m ta lakoz yo pèdi, m t ap retranche; men, si m ta fè tout efò m pou m prezève yo, jistan li menm, mesaje a ta vin chèche yo, y ap pwoteje.

“La a menm, m te vin wè rezon ki te fè m te resevwa yon avètisman sevè konsa pou m kenbe yo sekirite, epi poukisa mesaje a te di konsa lè m te fin fè sa li te mande m nan li t ap retounen vin pran yo. Paske pa lontan apre moun te vin konnen m te genyen yo, efò ki pi mètdam posib te fèt pou wete yo nan men m. Yo te mete an plas tout fent yo te ka envante plas nan objektif sa a. Pèsekisyon an te vin pi rèd, pi di pase anvan, epi anpil anpil moun ap siveye tout tan pou pran yo nan men m si se ta posib. Men avèk lasajès Bondye, yo te rete an sekirite nan men m. Lè, dapre anranjman, mesaje a te vin chèche yo, m te ba li yo; epi li genyen yo sou responsablite l jouk jodi a, ki se dezyèm jou nan mwa Me mil ywisan trantuit.”

Pou yon rapò pi konplè, gade Istwa—Joseph Smith, nan Pèl Gran Pri a.

Konsa, ansyen rejis yo te sòti anba tè a tankou vwa yon pèp k ap pale soti anba tè a, e li te tradui nan yon langaj modèn avèk don e avèk pouvwa Bondye menm jan afimasyon Diven te deklare a, li te pibliye bay mond lan premyèman an Anglè nan ane 1830 kòm THE BOOK OF MORMON.

YON ESPLIKASYON BRÈF KONSÈNAN LIV MÒMON AN

Liv Mòmon an se yon istwa sakre konsènan pèp nan ansyen Amerik la epi li te grave sou plak metal. Sous kote rejis sa a te konpile a genyen ladan:

1. *Plak Nefi yo*, ki te de kalite: ti plak yo ak gran plak yo. Premye yo te ekri patikilyèman konsènan bagay espiritiyèl ak ministè ak ansèyman pwofèt yo, tandiske dezyèm yo plis genyen istwa òdinè konsènan pèp la (1 Nefi 9:2–4). Men nan tan Mozya a, gran plak yo te genyen kèk eleman ki gen gran enpòtans espiritiyèl.
2. *Plak Mòmon yo*, ki se yon rezime Mòmon te tire nan gran plak Nefi yo, avèk anpil kòmantè. Plak sa yo gen yon rès istwa Mòmon yo avèk sa pitit li a, Mowoni ajoute.
3. *Plak Etè yo*, ki prezante istwa Jaredit yo. Mowoni te rezime rejis sa a, li te mete kòmantè pa l e li te konbine rejis la avèk istwa jeneral la sou tit “Liv Etè a.”
4. *Plakderen yo*, Leyi te pote sòti nan Jerizalèm 600 zan ANVAN JEZIKRI. Plak sa yo gen “senk liv Moyiz yo, . . . epi tou istwa Juif yo depi nan kòmansman, . . . desann vin nan kòmansman gouvènman Sedesyas, wa nan peyi Jida a; epi pwofesi pwofèt sen yo tou” (1 Nefi 5:11–13). Anpil sitasyon ki sòti nan plak sa yo, ki mansyone Ezayi ak lòt pwofèt biblik ak lòt pwofèt ki pa biblik, parèt nan Liv Mòmon an.

Liv Mòmon an gen kenz pati oubyen divizyon prensipal, ki rele liv, avèk yon sèl eksepsyon, epi ki abityèlman pote non prensipal ekriyen liv sa yo. Premye pòsyon an (sis premye liv yo, ki fini avèk Omni) se yon tradiksyon ki sòti nan ti plak Nefi yo. Ant liv Omni an ak liv Mozya a gen yon pòsyon ki rele Pawòl Mòmon yo. Pòsyon sa a konekte istwa ki ekri sou ti plak yo avèk rezime Mòmon te tire nan gran plak yo.

Pòsyon ki pi long nan, depi nan Mozya jouk nan Mòmon chapit 7, se tradiksyon rezime Mòmon te fè nan gran plak Nefi yo. Pòsyon final la depi nan Mòmon chapit 8 jiska lafen liv la, se Mowoni, pitit gason Mòmon an ki te ekri l. Lè l te fini istwa lavi papa l la, li te fè yon rezime istwa Jaredit yo (kòm liv Etè a) epi apre sa li te ajoute pati ki rele liv Mowoni an.

Nan ane 421 APRE JEZIKRI a oubyen apeprè lè sa a, Mowoni, dènye pwofèt istoryen Nefit yo, te sele rejis sakre yo epi li te kache yo nan

Senyè a, pou yo te kapab revele nan dènye jou yo, jan vwa Bondye te predi l atravè ansyen pwofèt Li yo. Nan lane 1823 APRE JEZIKRI, menm Mowoni sa a, ki te vin tounen yon pèsonaj resisite, te vizite pwofèt Joseph Smith epi apre sa li te ba l plak ki te gen ekriti yo.

Konsènan edisyon sa a: Paj tit orijinal la, ki vin imedyatman anvan paj kontni yo, soti nan plak yo e li fè pati tèks sakre a. Entwodiksyon nan fòma ki pa italik yo, tankou nan 1 Nefi epi imedyatman anvan Mozya chapit 9 la, fè pati tèks sakre a tou. Entwodiksyon ann italik yo, tankou nan antèt chapit yo, pa fè pati tèks original la men yo se èd pou etid yo mete la pou rann lekti a pi fasil.

Gen kèk ti erè ki te toujou repete nan tèks yo nan ansyen edisyon Liv Mòmmon ki te pibliye an Anglè yo. Edisyon sa a gen koreksyon ki sanble yo apwopriye, pou fè materyèl sa a vin konfòm avèk maniskri anvan piblikasyon yo ak premye edisyon Pwofèt Joseph Smith te prepare yo.

PREMYE LIV NEFI A

GOUVÈNMAN L AK MINISTÈ L

Istwa Leyi ak madanm li Sariya, ak kat pitit gason li yo, ki te rele, (kòmanse sou pi gran an) Laman, Lemyèl, Sam ak Nefi. Senyè a avètè Leyi pou l kite peyi Jerizalèm, paske li pwofetize bay pèp la konsènan inikite yo e yo chèche pou yo detwi lavi l. Li fè yon vwayaj twa jou nan dezè a ak fanmi l. Nefi pran frè l yo e li retounen nan peyi Jerizalèm dèyè rejis Juif yo. Istwa soufrans yo. Yo pran pitit fi Ismayèl yo pou madanm. Yo pran fanmi yo e yo pati ale nan dezè a. Soufrans yo ak afliksyon yo nan dezè a. Wout vwayaj yo. Yo rive devan gwo dlo yo. Frè Nefi yo fè rebèl kont li. Li konfonn yo, e li konstwi yon bato. Yo rele kote a Abondans. Yo travèse gwo dlo yo pou yo ale nan tè pwomiz la, eksetera. Se daprè istwa Nefi; oubyen otreman, mwen menm Nefi, m te ekri istwa sa a.

CHAPIT 1

Nefi kòmanse istwa pèp li a—Leyi wè yon boukan dife nan vizyon e li li nan yon liv pwofesi—Li louwe Bondye, li predi aparisyon Mesi a, e li pwofetize destriksyon Jerizalèm—Juif yo pèsekite l. Anviwon 600 ANVAN JEZIKRI.

MWEN menm ^aNefi, mwen ^bte gen ^cbon ^dparan, se poutèt sa, m te jwenn ^eansèyman sou tout syans papa m; e m te wè anpil ^fafliksyon nan lavi m, men Senyè a te favorize m anpil nan tout lavi m; wi m te gen yon gran konesans konsènan bonte ak ^gmistè Bondye, se poutèt sa m fè yon ^hrejis

konsènan aktivite pa m nan lavi m.

2 Wi, m fè yon rejis nan ^alang papa m, lang sa a ki se syans Juif yo ak lang Ejiptyen yo.

3 Epi m konnen rejis m fè a se ^averite; e m fè l a men pa m; epi m fè l daprè konesans mwen.

4 Paske se te konsa, nan kòmansman ^apremye ane gouvènman ^bSedesyas la, wa peyi Jida a, (papa m, Leyi, te rete nan ^cJerizalèm tout vi l); e nan menm ane sa a anpil ^dpwofèt te vin pwofetize bay pèp la pou yo repanti, oubyen gran vil ^eJerizalèm nan dwe detwi.

5 Se poutèt, se te konsa, papa m, ^aLeyi, pandan li t ap vwayaje, li

1 1a GE Nefi, pitit gason Leyi.

b Pwov. 22:1.

c D&A 68:25, 28.

GE Paran yo.

d Enòs 1:1;

Mozya 1:2-3.

GE Ansenye, enstriktè.

e GE Advèsite.

f GE Mistè Bondye yo.

g GE Ekriti yo.

2a Mozya 1:2-4;

Mòm. 9:32-33.

3a 1 Ne. 14:30;

Mozya 1:6;

Etè 5:1-3; D&A 17:6.

4a 598 ANVAN JEZIKRI;

gade Kwonoloji

nan apendis la.

b 2 Kwo. 36:10;

Jer. 52:3-5;

Omni 1:15.

c 1 Kwo. 9:3.

d 2 Wa 17:13-15;

2 Kwo. 36:15-16;

Jer. 7:25-26.

GE Pwofèt.

e Jer. 26:18; 2 Ne. 1:4;

Ela. 8:20.

5a GE Leyi, papa Nefi.

te priye Senyè a, wi, li te menm priye avèk tout ^bkè l, pou pèp li a.

6 Epi, se te konsa, pandan li t ap priye Senyè a, yon ^aboukan dife te vin poze sou yon wòch devan l; li te wè e li te tande anpil bagay; epi poutèt bagay li te wè ak tande yo li te fremi e li te trable anpil.

7 Epi, se te konsa, li te retounen lakay li nan Jerizalèm; e li lage kò l sou kabann li, paske Lespri a ak bagay li te wè yo te ^aakable l.

8 Epi pandan li te akable konsa anba Lespri a, li te anpòte pa yon ^avizyon jistan li te menm wè ^bsyèl la ouvè, e li sonje li te wè Bondye chita sou twòn li, antoure avèk anpil anpil zanj ki sanble yo t ap chante epi yo t ap louwe Bondye yo a.

9 Epi, se te konsa, li te wè Youn desann sòti nan mitan syèl la, e li te wè ^aekla li te pi klere pase solèy midi.

10 Epi li te wè ^adouz lòt ki t ap suiv li, e ekla yo te depase ekla zetwal yo ki nan syèl la.

11 Epi yo te desann pou ale sou sifas tè a; epi premye a te vin kanpe devan papa m, li te ba l yon ^aliv, e li te kòmande l pou l li.

12 Epi, se te konsa, pandan li t ap li, li te ranpli avèk ^aLespri Senyè a.

13 Epi li te li, li di: Malè, malè

pou Jerizalèm, paske m wè ^aabominasyon w yo! Wi, e papa m te li anpil bagay konsènan ^bJerizalèm—li te gen pou l detwi, ak moun ki te ladan l yo; anpil te gen pou yo peri anba epe, e yo t ap ^cmennen anpil moun kaptif nan Babilòn.

14 Epi, se te konsa, lè papa m te fin li ak wè anpil gran bagay mèveye, li te di pandan l t ap rele, anpil bagay devan Senyè a; tankou: Zèv ou yo gran e yo mèveye, O Senyè Bondye Toupuisan! Twòn ou wo nan syèl la, e pouvwa w, ak bonte w, ak mizèrikòd ou sou tout abitan sou latè e paske w gen mizèrikòd, ou p ap kite moun ki ^avin jwenn ou yo peri!

15 Epi se te konsa langaj papa m te ye nan louwanj pou Bondye li a; paske nanm li te rejwi, e tout kè l te ranpli poutèt bagay li te wè yo, wi, bagay Senyè a te montre l yo.

16 Epi kounyeya, mwen menm Nefi, m pa fè yon rejis konplè konsènan bagay papa m te ekri yo, paske li te ekri anpil bagay li te wè nan vizyon ak nan rèv; epi tou li te ekri anpil bagay li te ^apwofetize e li te pale bay pitit li yo, konsènan bagay sa yo, m p ap fè yon rejis konplè.

17 Men, m ap fè yon rejis kon-

5b Jak 5:16.

6a Egz. 13:21;
Ela. 5:24, 43;
D&A 29:12;
I—JS 1:16.

7a Dan. 10:8;
1 Ne. 17:47;
Moyiz 1:9–10;
I—JS 1:20.

8a 1 Ne. 5:4.
GE Vizyon.

b Ezek. 1:1;

Tra. 7:55–56;
1 Ne. 11:14;
Ela. 5:45–49;
D&A 137:1.

9a I—JS 1:16–17.

10a GE Apot.

11a Ezek. 2:9.

12a D&A 6:15.

13a 2 Wa 24:18–20;

2 Kwo. 36:14.

b 2 Wa 23:27; 24:2;

Jer. 13:13–14;

2 Ne. 1:4.

c 2 Wa 20:17–18;

2 Ne. 25:10;

Omni 1:15.

14a Alma 5:33–36;

3 Ne. 9:14.

16a 1 Ne. 7:1.

sènan aktivite nan lavi m. Gade, m fè yon ^arezime nan ^brejis papa m nan, sou plak mwen te fè a men pa m; se poutèt sa, lè m fin rezime rejis papa m nan, lè sa a m pral fè yon rejis konsènan vi pa m.

18 Se poutèt sa, m ta vle nou konnen, lè Senyè a te fin montre papa m, Leyi tèlman anpil bagay mèveye sa yo, wi, bagay konsènan ^adestriksyon Jerizalèm nan, li te ale nan pami pèp la, e li te kòmanse ^bpwofetize, epi li te pale yo konsènan bagay li te wè ak bagay li te tande yo.

19 Epi, se te konsa, Juif yo te ^amoke l poutèt bagay li te temwaye konsènan yo; paske li te reyèlman temwaye konsènan mechanste ak abominasyon yo; e li te temwaye bagay li te wè ak tande, epi tou bagay li te li nan liv la pale klèman konsènan aparasyon yon ^bMesi ak redanmsyon mond lan.

20 Epi lè Juif yo te tande bagay sa yo, yo te fache kont li; wi, menm jan zansèt yo te fache kont ansyen pwofèt yo, yo te ^achase yo, yo te lapide yo avèk kout wòch, yo te touye yo epi yo te chèche detwi lavi l tou. Men, mwen menm Nefi, m ap montre nou, ^bmizèrikòd byenvenyan Senyè a sou tout moun li te chwazi, poutèt lafwa yo, pou l

fè yo fò menm nan pouvwa delivrans.

CHAPIT 2

Leyi mennen fanmi l nan dezè a bò Lanmè Wouj la—Yo kite byen yo—Leyi ofri Senyè a yon sakrifis e li ansenye pitit gason li yo pou yo respekte kòmandman yo—Laman ak Lemyèl plenyen kont papa yo—Nefi obeyisan e li priye avèk lafwa; Senyè a pale avèk li, e Senyè a chwazi l pou l gouvène frè l yo. Anviwon 600 ANVAN JEZIKRI.

GADE reyèlman, se te konsa, Senyè a te pale avèk papa m, wi, e nan yon rèv, e li di l: Ou beni Leyi, poutèt bagay ou te fè yo; e poutèt ou te fidèl epi ou te deklare pèp sa a bagay m te kòmande w pou w deklare yo a, men yo vle ^adetwi lavi w.

2 Epi, se te konsa, Senyè a te ^akòmande papa m, e nan yon ^brèv, pou l ^cpran fanmi l e pou l pati nan dezè a.

3 Epi, se te konsa, li te ^aobeyisan nan pawòl Senyè a, se poutèt sa li te fè jan Senyè te kòmande l la.

4 Epi, se te konsa, li te pa ti nan dezè a. Epi li te kite kay li, ak tè eritaj li, ak lò l, ak lajan l, ak bagay chè li yo, epi li pa t pran anyen avèk li, eksepte fanmi li, ak pwovizyon li yo, ak tant li yo, e li te ^apati nan dezè a.

17a 1 Ne. 9:2–5.

b 1 Ne. 6:1–3; 19:1–6;

2 Ne. 5:29–33;

D&A 10:38–46.

18a 2 Ne. 25:9–10;

D&A 5:20.

b GE Pwofesi, pwofetize.

19a 2 Kwo. 36:15–16;

Jer. 25:4;

1 Ne. 2:13; 7:14.

b GE Mesi.

20a Ela. 13:24–26.

b Alma 34:38;

D&A 46:15.

GE Mizèrikòd.

2 1a 1 Ne. 7:14.

2a 1 Ne. 5:8; 17:44.

b GE Rèv.

c Jen. 12:1;

2 Ne. 10:20;

Ètè 1:42; Abr. 2:3.

3a GE Obeyi, obeyisan, obeyisans.

4a 1 Ne. 10:4; 19:8.

5 Epi li te desann nan fwontyè toupchè plaj "Lanmè Wouj la; li te vwayaje sou dezè a, nan fwontyè ki pi pre Lanmè Wouj la; e li te vwayaje nan dezè a avèk fanmi li, ki te genyen manman m mwen, Sariya, ak gran frè m yo, ki te ^bLaman, Lemyèl ak Sam.

6 Epi, se te konsa, lè l te fin vwayaje twa jou nan dezè a, li te plante tant li nan yon "vale bò yon rivyè dlo.

7 Epi, se te konsa, li te bati yon "lotèl avèk ^bwòch, li te bay Senyè a yon ofrann, e li te bay Senyè Bondye nou an "remèsiman.

8 Epi, se te konsa, li te rele rivyè a Laman, rivyè a te vide nan Lanmè Wouj la; e vale a te sou fwontyè bò tèt dlo a.

9 Epi lè papa m te wè dlo rivyè a te vide nan fontèn Lanmè Wouj la, li te pale avèk Laman, li di: O, m ta swete pou w ta tankou rivyè sa a pou w ta vide tout tan nan fontèn lajistis nèt ale

10 Epi li te pale avèk Lemyèl tou: O, m ta swete pou w ta tankou vale sa a fèm epi tennfas epi dyanm nan respekte kòmandman Senyè a!

11 Kounyeya li te pale bagay sa a poutèt kou rèd Laman ak Lemyèl; paske yo te "plenyen nan anpil bagay kont ^bpapa yo, poutèt li te yon "vizyonè, e li te

mennen yo sòti nan Jerizalèm, pou yo kite tè eritaj yo, ak lò, ak lajan, ak bagay chè yo, pou yo peri nan dezè a. Epi yo di li te fè sa poutèt imajinasyon moun fou ki te nan kè l.

12 Epi se konsa, Laman ak Lemyèl, ki te pi gran, te plenyen kont papa yo. E yo te plenyen paske yo pa t "konnen anyen nan zafè Bondye sa a ki te kreye yo a.

13 Ni tou, yo pa t kwè, Jerizalèm, gran vil sa a ta kapab "detwi dapre pawòl pwofèt yo. Epi yo te tankou Juif ki te nan Jerizalèm yo, ki te chèche detwi lavi papa m.

14 Epi, se te konsa, papa m te pale avèk yo nan vale Lemyèl la, avèk "pouvwa, li te ranpli avèk Lespri a, jistan tout kò yo te ^btranble devan l. Epi li te konfonn yo, jistan yo pa t kapab di yon mo kont li; se poutèt sa, yo te fè jan l te kòmande yo a.

15 Epi papa m te rete anba yon tant.

16 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te jèn anpil, men m te gen gwo kò, epi tou m te gen gran dezi pou m konnen "mistè Bondye yo, se poutèt sa, m te kriye nan pye Senyè a; e li te ^bvizite m, e li te "touche kè m pou m te kapab ^dkwè tout pawòl "papa m te pale yo; se poutèt sa

5a 1 Ne. 16:14;
D&A 17:1.

b GE Laman,
frè Nefi.

6a 1 Ne. 9:1.

7a Jen. 12:7-8;

Egz. 24:4;

Abr. 2:17.

b Egz. 20:25;

Det. 27:5-6.

c GE Rekonesan,

remèsiman.

11a 1 Ne. 17:17.

GE Mimire.

b Pwov. 20:20.

c 1 Ne. 5:2-4.

12a Moyiz 4:6.

13a Jer. 13:14;

1 Ne. 1:13.

14a GE Pouvwa.

b 1 Ne. 17:45.

16a GE Mistè Bondye yo.

b Sòm 8:4;

Alma 17:10;

D&A 5:16.

GE Revelasyon.

c 1 Wa 18:37;

Alma 5:7.

d 1 Ne. 11:5.

e GE Papa, motèl;

Pwofèt.

m pa t fè rebèl kont li tankou frè m yo te fè a.

17 Epi, se te konsa, m te pale avèk Sam, m te fè l konnen bagay Senyè a te manifeste ban mwen yo pa mwayen Lespri Sen li a. Epi, se te konsa, li te kwè pawòl mwen yo.

18 Men, Laman ak Lemyèl pa t vle koute pawòl mwen yo; e m te gen "lapenn poutèt kè di yo, m te kriye nan pye Senyè a pou yo.

19 Epi, se te konsa, Senyè a te pale avèk mwen, li di: Ou beni, Nefi, poutèt "lafwa w, paske ou te chèche m avèk dilijans, avèk imilite kè w.

20 Epi toutotan ou respekte kòmandman m yo, w ap "pwospere, e m ap dirije w ale nan yon b"tè pwomiz; wi, yon tè m te prepare pou ou; wi yon tè ki pi bon pase tout lòt tè.

21 Epi toutotan frè ou yo fè rebèl kont ou, Senyè a ap "rejte yo nan prezans li.

22 Epi toutotan ou respekte kòmandman m yo, w ap tounen yon "dirijan ak yon enstriktè sou tè frè ou yo.

23 Paske, gade jou yo ta fè rebèl kont mwen, m ap "modi yo menm avèk yon move malediksyon, e yo p ap gen pouvwa sou desandan w yo, eksepte si yo fè rebèl kont mwen tou.

24 Epi si yo fè rebèl kont

mwen, y ap yon "chatiman pou desandan w yo, pou b"reveye memwa yo.

CHAPIT 3

Pitit gason Leyi yo tounen nan Jerizalèm pou yo kapab jwenn plakderen yo—Laban refize bay plak yo—Nefi egzòte e li ankouraje frè l yo—Laban vòlè byen yo e li eseye touye yo—Laman ak Lemyèl frape Nefi ak Sam e yon zanj reprimande yo. Anviwon 600–592 AN-VAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, mwen menm Nefi, apre m fin pale avèk Senyè a, m te retounen nan tant papa m nan.

2 Epi, se te konsa, li te pale avèk mwen, li di: gade, m te fè yon "rèw, nan rèw sa a Senyè a te kòmande m pou ou menm ak frè ou yo retounen Jerizalèm.

3 Paske, Laban gen rejis Juif yo ak "jenyaloji zansèt mwen yo, e yo ekri sou plakderen.

4 Se poutèt sa, Senyè a kòmande m pou ou menm ak frè ou yo ale lakay Laban, pou w pran rejis yo e pou w pote yo desann nan dezè a.

5 Epi kounyeya, gade frè w yo plenyen, yo di se yon bagay ki rèd mwen te mande yo fè; men gade se pa mwen ki te mande yo fè l, se kòmandman Senyè a.

6 Se poutèt sa, ale, pitit gason

18a Alma 31:24;

3 Ne. 7:16.

19a 1 Ne. 7:12; 15:11.

20a Joz. 1:7;

1 Ne. 4:14;

Mozya 1:7.

b Det. 33:13-16;

1 Ne. 5:5; 7:13;

Moyiz 7:17-18.

GE Tè pwomiz.

21a 2 Ne. 5:20-24;

Alma 9:13-15; 38:1.

22a Jen. 37:8-11;

1 Ne. 3:29.

23a Det. 11:28;

1 Ne. 12:22-23;

D&A 41:1.

24a Joz. 23:13;

Jij 2:22-23.

b 2 Ne. 5:25.

3 2a GE Rèv.

3a 1 Ne. 5:14.

m nan e Senyè a ap favorize w paske ou "pa t plenyen.

7 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te di papa m: M "prale e m ap fè bagay Senyè a te kòmande yo, paske m konnen Senyè a pa bay pitit lèzòm okenn ^bkòmandman san li pa "prepare yon mwayen pou yo kapab akonpli bagay li kòmande a.

8 Epi, se te konsa, lè papa m te tandè pawòl sa yo li te kontan anpil, paske li te konnen Senyè a te beni m.

9 Epi mwen menm Nefi ak frè m yo, nou te vwayaje nan dezè a ak tant nou yo, pou nou monte nan peyi Jerizalèm.

10 Epi, se te konsa, lè nou te monte nan peyi Jerizalèm, mwen menm ak frè m yo nou te komi-nike youn avèk lòt.

11 Epi nou te "fè tirajosò pou nou konnen kiyès nan nou ki ta dwe ale lakay Laban. Epi, se te konsa, sò a te tonbe sou Laman; e Laman te ale lakay Laban, li te pale avèk Laban pandan Laban te chita lakay li.

12 Epi li te vle pou Laban ba li rejis ki te ekri sou plakderen yo, ki te genyen "jeneyaloji papa m nan.

13 Epi, reyèlman, se te konsa, Laban te fache, li te chase l nan prezans li; e li pa t vle ba li rejis yo. Konsa, Laban te di l: gade se yon vòlè, e m pral touye w.

14 Men, Laman te kouri sòti nan prezans li, e li te di nou bagay Laban te fè yo. Nou te kòmanse tris anpil, e frè m yo t apral retounen kote papa m nan dezè a.

15 Men, m te di yo: Menm jan Senyè a vivan, e menm jan nou vivan, nou p ap desann kote papa nou nan dezè a jistan nou akonpli bagay Senyè a te kòmande nou an.

16 Se poutèt sa, an nou respekte kòmandman Senyè a avèk lafwa; se poutèt sa, an nou desann nan peyi "eritaj papa nou an, paske li te kite lò ak lajan, ak tout kalite richès. Epi li te fè tout bagay sa yo poutèt ^bkòmandman Senyè a.

17 Paske, li te konnen Jerizalèm dwe "detwi, poutèt mechanste pèp la.

18 Paske gade, yo te "rejte pawòl pwofèt yo. Se poutèt sa, si papa m te rete nan peyi a apre li te fin resevwa ^bkòmandman pou li sove sòti nan peyi a, gade li t ap peri tou. Se poutèt sa, li te nesèsè pou l te sove sòti nan peyi a.

19 Epi gade, dapre sajès Bondye nou dwe jwenn "rejis sa yo pou nou kapab prezève lang zansèt nou yo pou pitit nou yo.

20 Epi tou, pou nou kapab "prezève pawòl ki te sòti nan bouch tout pwofèt sen yo, pawòl Lespri ak pouvwa Bondye

6a GE Soutni dirijan legliz yo.

7a 1 Sam. 17:32;
1 Wa 17:11-15.

GE Lafwa;
Obeyi, obeyisan,
obeyisans.

b GE Kòmandman

Bondye yo.

c Jen. 18:14; Filip. 4:13;

1 Ne. 17:3, 50;

D&A 5:34.

11a Ney. 10:34; Tra. 1:26.

12a 1 Ne. 3:3; 5:14.

16a 1 Ne. 2:4.

b 1 Ne. 2:2; 4:34.

17a 2 Kwo. 36:16-20;

Jer. 39:1-9; 1 Ne. 1:13.

18a GE Rebelyon.

b 1 Ne. 16:8.

19a Omni 1:17;

Mozya 1:2-6.

20a GE Ekriti yo—Ekriti ki dwe prezève.

te delivre ba yo, depi mond lan te kòmanse jis kounyeya.

21 Epi, se te konsa, se avèk kalite langaj sa a m te konvenk frè m yo, pou yo kapab fidèl nan respekte kòmandman Bondye yo.

22 Epi, se te konsa, nou te desann nan peyi eritaj nou an, e nou te rasanble “lò nou yo ansanm, ak lajan, ak bagay chè nou yo.

23 Epi lè nou te fin rasanble bagay sa yo ansanm, nou monte ankò lakay Laban.

24 Epi, se te konsa, nou te al jwenn Laban, e nou te vle pou Laban ta ba nou rejis ki te grave sou “plakderen yo, pou sa, nou ta ba li lò nou, ak lajan nou, ak tout bagay chè nou yo.

25 Epi, se te konsa, lè Laban te wè byen nou yo, e yo te anpil, li te “anvi yo tèlman, li te mete nou deyò, e li te voye sèvitè li yo pou touye nou, pou l te kapab pran byen nou yo.

26 Epi, se te konsa, nou te kouri devan sèvitè Laban yo, e nou te oblije kite byen nou yo dèyè, e yo te tonbe nan men Laban.

27 Epi, se te konsa, nou te kouri ale nan dezè a, e sèvitè Laban yo pa t pran nou e nou te kache nou nan yon twou wòch.

28 Epi, se te konsa, Laman te fache kont mwèn, e kont papa m; ak Lemyèl tou, paske li te koute pawòl Laman yo. Se poutèt sa, Laman ak Lemyèl te pale nou anpil pawòl ki “rèd, nou

menm ti frè yo, e yo te menm frape nou avèk yon baton.

29 Epi, se te konsa, pandan yo t ap frape nou avèk yon baton, menm moman an, yon “zanj Senyè a te vin kanpe devan yo, e li te pale avèk yo, li di: Poukisa n ap frape ti frè nou an avèk yon baton? Èske nou pa konnen Senyè a te chwazi l pou l kapab yon ^bdirijan sou tèt nou, e se poutèt inikite nou yo? Okontrè nou dwe monte ale Jerizalèm ankò, e Senyè a ap livre Laban nan men nou.

30 Epi apre “zanj la te fin pale avèk nou, li te ale.

31 Epi lè zanj la te fin ale, Laman ak Lemyèl te kòmanse “plenyen ankò, yo di: Kòman sa fè posib pou Senyè a livre Laban nan men nou? Gade, li se yon nonm puisan, e li kapab kòmande senkant gason, wi, li kapab menm touye senkant gason; poukisa li pa kapab touye nou menm?

CHAPIT 4

Nefi touye Laban sou kòmandman Senyè a e li pran plakderen yo avèk trik—Zoram chwazi pou l ale jwenn fanmi Leyi nan dezè a. Anviwon 600–592 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, m te pale avèk frè m yo, m di: An nou monte Jerizalèm ankò, epi an nou rete “fidèl nan respekte kòmandman Senyè a; paske gade li pi fò pase tout tè a, poukisa li pa ta ^bpi fò

22a 1 Ne. 2:4.

24a 1 Ne. 3:3.

25a GE Konvwate.

28a 1 Ne. 17:17–18.

29a 1 Ne. 4:3; 7:10.

GE Zanj yo.

b 1 Ne. 2:22.

30a 1 Ne. 16:38.

31a GE Mimire.

4 1a GE Kouraj, ankouraje;

Lafwa.

b 1 Ne. 7:11–12.

pase Laban avèk senkant moun li yo, wi menm pase dizèn milye li yo?

2 Se poutèt sa an nou monte; an nou ^afò tankou ^bMoyiz; paske li te reyèlman pale avèk dlo ‘Lanmè Wouj la epi dlo a te fann an de pati, epi zansèt nou yo te pase pou sòti nan kaptivite, sou tè sèch, epi lame Farawon yo te suiv yo epi yo te nwaye anba dlo Lanmè Wouj la.

3 Kounyeya gade nou konnen se verite; epi tou nou konnen yon ^azanj te pale avèk nou; se sa ki fè, èske nou kapab doute? An nou monte; Senyè a kapab delivre nou, menm jan li te delivre zansèt nou yo, e pou l detwi Laban, menm jan li te detwi Ejipsyen yo.

4 Lè m te fin di pawòl sa yo, yo te toujou fache, e yo te kontinye plenyen; men yo te suiv mwen jistan nou te rive deyò miray Jerizalèm yo.

5 Epi se te nan nuit; e m te fè yo kache kò yo deyò miray yo. Epi lè yo te fin kache kò yo, mwen menm Nefi, m te glise kò m nan vil la e m te ale nan direksyon kay Laban.

6 Epi Lespri a te ^adirije m, san m pa ^bkonnen anvan ki sa m ta dwe fè.

7 Men, m te ale kanmèm, e lè m te rive kay Laban an, m te wè

yon nonm, e li te tonbe atè devan m, paske li te sou anba tafia.

8 Epi lè m te ale kote l m te wè se te Laban.

9 M te gade ^aepe li a, e m te retire l nan fouwo a; e manch la te fèt avèk bon lò, epi modèl la te rafine anpil, e m te wè lam nan te fèt avèk metal pi chè ki te kapab genyen.

10 Epi, se te konsa, Lespri a te ^aoblige m pou m ta touye Laban; men nan kè m, m te di: M pa janm koule san moun nan lavi m. M te fè bak e m pa t anvi touye l.

11 Epi Lespri a te di m ankò: Ou wè, ^aSenyè a livre l nan men w. Wi, epi tou m te konnen li te chèche detwi lavi pa m; wi e li pa vle obeyi kòmandman Senyè a; epi tou li te ^bpran byen nou yo.

12 Epi, se te konsa, Lespri a te di m ankò: Touye l, paske Senyè a livre l nan men w;

13 Gade, Senyè a ^atouye ^bmechan an pou l kapab akonpli zèv jistis li. Li ^cpi bon pou yon nonm ta peri pase pou yon nasyon ta dejenere nan enkwayans e pou l peri.

14 Kounyeya, lè mwen menm Nefi, m te tandè pawòl sa yo, m te sonje pawòl yo Senyè a te pale m nan dezè a, lè l te di: ^aToutotan desandan w yo respekte

2a Det. 11:8.

b GE Moyiz.

c Egz. 14:21;

1 Ne. 17:26;

Mozya 7:19.

3a 1 Ne. 3:29-31; 7:10.

6a GE Enspirasyon, inspire;

Sentespri.

b Ebre 11:8.

9a 2 Ne. 5:14;

D&A 17:1.

10a Alma 14:11.

11a 1 Sam. 17:41-49.

b 1 Ne. 3:26.

13a 1 Ne. 17:33-38;

D&A 98:31-32.

b GE Mechan,

mechanste.

c Alma 30:47.

14a Omni 1:6;

Mozya 2:22;

Ètè 2:7-12.

^bkòmandman m yo y ap ‘pwos-pere nan ^dtè pwomiz la.

15 Wi, epi tou m te panse yo pa t ap kapab respekte kòmandman Senyè a daprè lwa Moyiz la, si yo pa gen lwa Moyiz la.

16 Epi tou m te konnen ^alwa a te ekri sou plakderen yo.

17 Epi ankò, m te konnen Senyè a te livre Laban nan men mwen pou rezon sa a pou m kapab pran rejis yo daprè kòmandman li yo.

18 Se poutèt sa m te obeyi vwa Lespri a, e m te pran Laban nan cheve l, epi m te koupe tèt li avèk ^aepe l la.

19 Epi lè m te fin koupe tèt li avèk epe pa l, m te pran rad Laban an e m te mete l sou mwen; wi, tout abiman l yo nèt; e m te tache boukliye li a nan ren mwen.

20 Epi lè m te fin fè sa, m te ale nan kòfrefò Laban yo. Epi pandan m t ap ale nan direksyon kòfrefò Laban yo, menm moman an, m wè ^asèvitè Laban an ki te gen kle kòfrefò yo. Epi m te kòmande l, nan vwa Laban, pou l ale avèk mwen nan kòfrefò yo.

21 Epi li te konprann m se mèt li a, Laban, paske li te wè rad ak epe li ki te tache nan ren mwen.

22 Epi li te pale avèk mwen konsènan ansyen ki nan pami Juif yo, paske li te konnen mèt li a, Laban te ale nan nuit la nan pami yo.

23 Epi tou m pale avèk li tankou se te Laban.

24 Epi tou m te di l m dwe pote ekriti ki sou ^aplakderen yo, bay gran frè m yo ki te lòtbò miray yo.

25 Epi tou m te mande l pou l suiv mwen.

26 Epi li te konprann m t ap pale konsènan frè legliz yo, e reyèlman m te Laban sa a mwen te touye a, se poutèt sa li te suiv mwen.

27 Epi li te pale avèk mwen anpil fwa konsènan ansyen ki nan pami Juif yo, pandan m t ap ale kote frè m yo ki te lòt bò miray yo.

28 Epi, se te konsa, lè Laman te wè m, li te pè anpil, ni Lemyel, ni Sam tou e yo te kouri devan prezans mwen. Paske yo te panse se te Laban, ki te touye m epi ki te vle detwi lavi yo tou.

29 Epi, se te konsa, m te rele yo, e yo te tandè m; se poutèt sa yo te sispann kouri devan prezans mwen.

30 Epi, se te konsa, lè sèvitè Laban an te wè frè m yo li te kòmanse tranble, e li t apral kouri devan m pou l retounen nan vil Jerizalèm nan.

31 Epi mwen menm, Nefi, m te yon gwo gason, epi tou m te resevwa anpil ^afòs nan men Senyè a, konsa m te mete men sou sèvitè Laban an, e m te kenbe l pou l pa sove.

32 Epi, se te konsa, m te pale avèk li, m di l konsa si li koute pawòl mwen, menm jan Senyè

14b GE Kòmandman Bondye yo.
c 1 Ne. 2:20.
d 1 Ne. 17:13–14;

Jakòb 2:12.
16a GE Lwa Moyiz.
18a 1 Sam. 17:51.
20a 2 Ne. 1:30.

24a 1 Ne. 3:12, 19–24;
5:10–22.
31a Mozya 9:17;
Alma 56:56.

a vivan an e menm jan m vivan an, se menm jan sa a si li koute pawòl nou, konsa n ap epaye lavi l.

33 Epi m te di li, menm avèk “sèman, li pa bezwen pè; l ap ka yon nonm lib tankou nou, si l ta desann nan dezè a avèk nou.

34 Epi tou m te pale avèk li, m di: Asireman Senyè a te “kòmande nou pou nou fè bagay sa a; èske nou pa dwe respekte kòmandman Senyè a yo avèk dilijans? Konsa, si w desann nan dezè a kote papa m w ap gen plas pa w avèk nou.

35 Epi, se te konsa, “Zoram te pran kouraj nan pawòl m te pale yo. Non sèvitè a se te Zoram; e li te pwomèt li t ap desann nan dezè a kote papa nou. Wi epi tou li te fè nou sèman l ap rete avèk nou depi lè sa a.

36 Nou te vle pou l rete avèk nou pou rezon sa a pou Juif yo pa konnen nou te sove pou ale nan dezè a, pou yo pa suiv nou epi pou yo pa detwi nou.

37 Epi, se te konsa, lè Zoram te fin fè “sèman ba nou, krent nou te sispann konsènan li.

38 Epi, se te konsa, nou te pran plakderen yo ak sèvitè Laban an e nou te ale nan dezè epi nou te vwayaje pou ale nan tant papa nou an.

CHAPIT 5

Sariya plenyen kont Leyi—Yo tou

de rejwi poutèt retou pitit gason yo—Yo ofri sakrifis—Plakderen yo gen ekriti Moyiz ak pwofèt yo—Plak yo idantifye Leyi kòm desandan Jozèf—Leyi pwofetize konsènan desandan li yo ak prezèvasyon plak yo. Anviwon 600–592 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, lè nou te fin desann nan dezè a kote papa nou, li te chaje avèk jwa epi tou manman m “Sariya te kontan anpil, paske li te kriye toutbon poutèt nou.

2 Paske li te panse nou te peri nan dezè a; epi tou li te plenyen kont papa m, li te di l konsa li se yon vizyonè; li di l: Ou te fè nou sòti nan peyi eritaj nou an, e pitit gason m yo mouri e n ap peri nan dezè a.

3 Epi se avèk kalite langaj sa a manman m te plenyen kont papa m.

4 Epi, se te konsa, papa m te pale avèk li, li di: M konnen m se yon “vizyonè; paske si m pa wè zèv Bondye yo nan ^bvizyon, M pa t ap konnen bonte Bondye, men m t ap rete nan Jerizalèm e m t ap peri avèk frè m yo.

5 Men okontrè, m te jwenn yon “tè pwomiz, m rejwi poutèt bagay sa a; wi e m ^bkonnen Senyè a pral delivre pitit gason m yo anba men Laban, e li pral mennen yo desann ankò ban nou nan dezè a.

6 Epi se avèk kalite langaj sa a

33a GE Sèman.
34a 1 Ne. 2:2; 3:16.
35a 1 Ne. 16:7;
2 Ne. 5:5–6.
GE Zoram,
Zoramit yo.

37a Joz. 9:1–21;
Ekl. 5:4.
GE Sèman.
5 1a GE Sariya.
4a 1 Ne. 2:11.
b 1 Ne. 1:8–13.

GE Vizyon.
5a 1 Ne. 2:20;
18:8, 22–23.
GE Tè pwomiz.
b GE Lafwa.

papa m, Leyi, te rekonfòte manman m, Sariya, konsènan nou, pandan nou t ap vwayaje nan dezè a pou nou monte nan peyi Jerizalèm, pou nou pran rejis Juif yo.

7 Epi lè nou te retounen nan tant papa m nan, menm moman an yo te chaje ak lajwa, e manman m te rekonfòte.

8 Epi li te pale, li di: kounyeya m konnen sètènman Senyè a te “kòmande mari m pou l sove ale nan dezè a; wi e m konnen sètènman Senyè a te pwoteje pitit gason m yo, e li te delivre yo anba men Laban, e li te ba yo pouvwa pou yo te kapab ^bakonpli bagay Senyè a te kòmande yo. Epi se avèk kalite langaj sa a manman m te pale.

9 Epi, se te konsa, yo te rejwi anpil, e yo te ofri “sakrifis ak oloks yo bay Senyè a; e yo te ^bremèsye Bondye Izrayèl la.

10 Epi lè yo te fin remèsye Bondye Izrayèl la, papa m, Leyi, te pran ekriti yo ki te ekri sou “plakderen yo, e li te fouye yo depi nan kòmansman.

11 Epi li te wè yo genyen senk “liv Moyiz yo, ki rakonte istwa kreyasyon mond lan, epi tou istwa Adan ak Èv, ki te premye paran nou yo.

12 Epi tou “istwa Juif yo depi nan kòmansman, depi nan kòmansman gouvènman Sedesyas la, wa nan peyi Jida a;

13 Epi tou ak pwofesi pwofèt sen yo depi nan kòmansman, depi nan kòmansman gouvènman “Sedesyas la; epi tou ak anpil pwofesi ki te sòti nan bouch ^bJeremi.

14 Epi, se te konsa, papa m, Leyi te jwenn jeneyaloji zansèt li yo nan “plakderen yo tou; se poutèt sa li te konnen li se desandan ^bJozèf; wi Jozèf sa a menm ki te pitit gason “Jakòb la, yo te “vann nan Ejipt la, epi men Senyè a te “prezève l, pou l te kapab prezève papa l, Jakòb, ak tout fanmi l, pou yo pa peri anba lafamin.

15 Epi se menm Bondye ki te prezève yo a ki te dirije yo “sòti nan kaptivite nan peyi Ejipt la.

16 Epi se te konsa papa m, Leyi te dekouvri jeneyaloji zansèt li yo. Epi Laban se te desandan “Jozèf tou, se poutèt sa li menm ak zansèt li yo te kenbe rejis yo.

17 Epi lè papa m te wè tout bagay sa yo, Lespri a te ranpli l e li te kòmanse pwofetize konsènan desandan li yo—

18 Pou fè konnen plakderen sa

8a 1 Ne. 2:2.

b 1 Ne. 3:7.

9a Mozya 2:3;

3 Ne. 9:19-20.

GE Lwa Moyiz.

b GE Rekonesan, remèsiman.

10a 1 Ne. 4:24, 38; 13:23.

GE Plak deren.

11a 1 Ne. 19:23.

GE Pantatèk.

12a 1 Kwo. 9:1.

GE Ekriti yo.

13a 2 Wa 24:18;

Jer. 37:1.

b Esd. 1:1;

Jer. 36:17-32;

1 Ne. 7:14;

Ela. 8:20.

14a 1 Ne. 3:3, 12.

GE Plak deren.

b 2 Ne. 3:4;

Alma 10:3.

GE Jozèf, pitit

gason Jakòb.

c GE Jakòb, pitit

gason Izarak.

d Jen. 37:29-36.

e Jen. 45:4-5.

15a Egz. 13:17-18;

Amòs 3:1-2;

1 Ne. 17:23-31;

D&A 103:16-18;

136:22.

16a 1 Ne. 6:2.

yo te dwe ale nan tout nasyon, fanmi lang ak pèp ki fè pati desandan li yo.

19 Se poutèt sa, li te di plakderen sa yo p ap ^ajanm peri; ni tou, menm lè tan pase yo pa t ap janm vin wouye. Epi li te pwofetize anpil bagay konsènan desandan li yo.

20 Epi, se te konsa, jis kounyeya, mwenmenm ak papa m nou te respekte kòmandman Senyè a te ba nou.

21 Epi nou te pran rejis yo ke Senyè a te kòmande nou pou nou pran an, nou te fouye yo e nou wè yo te enteresan; wi yo te tèlman gen gran ^avalè pou nou, jistan nou te kapab ^bkonsève kòmandman Senyè a yo pou pitit nou yo.

22 Konsa, se te dapre sa jès Senyè a pou nou te pote yo avèk nou, pandan nou t ap vwayaje nan dezè a pou nou ale nan tè pwomiz la.

CHAPIT 6

Nefi ekri konsènan zafè Bondye yo—Objektif Nefi se pou l konvenk lèzòm pou yo vin jwenn Bondye Abraram nan e pou yo sove. Anviwon 600–592 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, mennmwen Nefi, m pa bay jeneyaloji zansèt mwen yo nan pati ^asa a ke m ap ekri a; ni tou m p ap ekri l pita sou ^bplak sa yo m ap ekri a, paske li

ekri nan rejis ^apapa m te ekri yo; se poutèt sa, m pa ekri l nan rejis sa a.

2 Paske li ase pou m di sèlman, nou se desandan ^aJozèf.

3 Epi li pa nesèsè pou mwen pou m rakonte tout zèv papa m yo, m pa kapab ekri yo sou ^aplak sa yo, paske m vle plas la pou m kapab ekri zèv Bondye yo.

4 Paske, tout entansyon m se pou m ^akonvenk lèzòm pou yo ^bvin jwenn Bondye Abraram nan, ak Bondye Izarak la, ak Bondye Jakòb la, e pou yo sove.

5 Se poutèt sa, m pa ekri bagay ki pou fè mond lan ^aplèzi, men, mwen ekri bagay ki fè Bondye ak moun ki pa nan mond sa a plezi.

6 Se poutèt sa, m ap bay desandan m yo kòmandman pou yo pa ankonbre plak sa yo avèk bagay ki pa nesèsè pou pitit lèzòm.

CHAPIT 7

Pitit gason Leyi yo retounen Jerizalèm e yo envite Ismayèl ak fanmi l pou vwayaje avèk yo—Laman ak kèk lòt fè rebèl—Nefi egzòte frè l yo pou yo gen lafwa nan Senyè a—Yo mare l avèk kòd e yo planifye destriksyon l—li libere pa pouvwa lafwa—Frè l yo mande padon—Leyi ak konpayon l yo ofri sakrifis ak olokòs yo. Anviwon 600–592 ANVAN JEZIKRI.

19a Alma 37:4–5.

21a GE Ekriti yo—
Valè ekriti yo.
b 2 Ne. 25:26.

6 1a 2 Ne. 4:14–15.
b 1 Ne. 9:2.

c 1 Ne. 1:16–17;
19:1–6.

2a 1 Ne. 5:14–16.
3a Jakòb 7:27;
Jawòm 1:2, 14;
Omni 1:30.

4a Jan 20:30–31.

Gade nan Paj tit
Liv Mòmmon an.
b 2 Ne. 9:41, 45, 51.
5a 1 Tes. 2:4;
P—M 1:4.

Epi kounyeya, m ta vle pou nou konnen, lè papa m Leyi te fin “pwofetize konsènan desandan li yo, se te konsa, Senyè a te pale avèk li ankò, li di l se pa byen pou li menm, Leyi, ta mennen fanmi l yo pou kont yo nan dezè a; men pitit gason li yo ta dwe pran ^bfi pou yo ‘mariye, pou yo kapab elve desandan pou Senyè a nan tè pwomiz la.

2 Epi, se te konsa, Senyè a te “kòmande l pou l di mwen menm, Nefi, ak frè m yo retounen ankò nan peyi Jerizalèm, e pou nou mennen Ismayèl ak fanmi l desann nan dezè a.

3 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te sòti “ankò avèk frè m yo nan dezè a pou nou monte al Jerizalèm.

4 Epi, se te konsa, nou te monte lakay Ismayèl, Ismayèl te favorize nou, konsa nou te pale li pawòl Senyè a yo.

5 Epi, se te konsa, Senyè a te tèlman touche kè Ismayèl ak moun lakay li yo, yo te vwayaje desann nan dezè a avèk nou kote tant papa nou an.

6 Epi, se te konsa, pandan nou t ap vwayaje nan dezè a, Laman ak Lemyèl epi de nan pitit fi Ismayèl yo ak de pitit “gason Ismayèl yo, ak fanmi yo te fè rebèl kont nou; wi, yo te fè rebèl kont mwen menm Nefi ak Sam epi papa yo, Ismayèl, ak

madanm li ak twa lòt pitit fi li yo.

7 Epi, se te konsa, nan rebelyon sa a, yo te vle retounen nan peyi Jerizalèm.

8 Epi, kounyeya, mwenmenm Nefi, m “te tris poutèt kè yo te di, se poutèt sa m te pale avèk yo, m di, wi, m te pale menm avèk Laman e avèk Lemyèl: Nou wè, nou se gran frè m, e kòman fè kè nou di konsa, epi panse nou tèlman avèg, mwen menm ki ti frè nou, pou m oblije pale nou, wi pou m oblije trase egzanz pou nou?

9 Kòman nou fè pa koute pawòl Senyè a?

10 Kòman nou fè “bliye nou te wè yon zanj Senyè a?

11 Wi, epi kòman nou fè bliye gran bagay yo Senyè a te fè pou nou, lè li te “delivre nou anba men Laban, epi pou nou te kapab jwenn rejis yo?

12 Wi, e kòman nou fè bliye Senyè a kapab fè tout “bagay dapre volonte l pou pitit lèzòm, si yo egzèse ^blafwa nan li? Se poutèt sa, an nou gen lafwa nan li.

13 Epi si nou gen lafwa nan li, n ap jwenn “tè pwomiz la; epi n ap konnen nan yon tan k ap vini, pawòl Senyè a gen pou l akonpli konsènan ^bdestriksyon Jerizalèm nan; paske tout bagay Senyè a te pale konsènan destriksyon Jerizalèm nan dwe akonpli.

7 1a 1 Ne. 5:17-19.

b 1 Ne. 16:7.

c GE Maryaj, marye.

2a 1 Ne. 16:7-8.

3a 1 Ne. 3:2-3.

6a 2 Ne. 4:10.

8a Alma 31:2;

Moyiz 7:41.

10a Det. 4:9;

1 Ne. 3:29; 4:3.

11a 1 Ne. 4.

12a 1 Ne. 17:50;

Alma 26:12.

b 1 Ne. 3:7; 15:11.

13a 1 Ne. 2:20.

GE Tè pwomiz.

b 2 Wa 25:1-21;

2 Ne. 6:8; 25:10;

Omni 1:15;

Ela. 8:20-21.

14 Paske gade Lespri Senyè a pral sispann lite avèk yo talè-konsa; paske gade, yo te ^arejte pwofèt yo e yo te jete ^bJeremi nan prizon. Epi yo te tèlman vle detwi ^clavi papa m, yo te chase l sòti nan peyi a.

15 Kounyeya gade m di nou konsa, si nou retounen Jerizalèm n ap peri avèk yo tou. Kounyeya si se sa nou chwazi, monte nan peyi a e sonje pawòl m pale nou yo, si nou ale n ap peri tou; paske se konsa Lespri Senyè a oblije m pale.

16 Epi, se te konsa, lè mwen menm Nefi, m te fin pale frè m yo pawòl sa yo, yo te fache kont mwen. Epi, se te konsa, yo te mete men sou mwen, paske yo te fache anpil, e yo te ^amare m avèk kòd e yo te chèche detwi lavi m pou yo kapab kite m nan dezè a pou bèt sovaj devore m.

17 Men, se te konsa, m te priye Senyè a, m di: O, Senyè, dapre lafwa m gen nan ou, tanpri, delivre m anba men frè m yo; wi ban m fòs pou m kapab menm ^akase kòd sa yo ki mare m nan.

18 Epi, se te konsa, lè m te fin di pawòl sa yo, gade, kòd la te demare sòti nan men m ak pye m yo, epi m te kanpe devan frè m yo e m te pale avèk yo ankò.

19 Epi, se te konsa, yo te fache kont mwen ankò, e te vle mete men yo sou mwen; men, youn nan pitit ^afi Ismayèl yo, ak manman l, ak youn nan pitit gason Ismayèl yo te sipliyè frè m yo

jistan kè yo te touche; e yo te sispann chèche detwi lavi m.

20 Epi, se te konsa, yo te tèlman gen lapenn poutèt mechanste yo, yo te bese devan m epi yo te sipliyè m pou m ta padone yo pou sa yo te fè kont mwen an.

21 Epi, se te konsa, m te padone yo aktoutkè pou sa yo te fè, e m te egzòte yo pou yo priye Senyè Bondye yo a pou ^apadon. Epi yo te fè sa. E, se te konsa, lè yo te fin priye Senyè a nou te vwayaje ankò nan direksyon tant papa nou an.

22 Epi, se te konsa, nou te desann nan tant papa nou an. Epi apre mwen menm ak frè m yo ak tout lafanmi Ismayèl te fin desann nan tant papa m nan, yo te bay Senyè Bondye yo a ^aremèsiman; e yo te ofri l ^bsakrifis ak olokòs yo.

CHAPIT 8

Leyi wè pyebwa ki bay lavi a nan vizyon—Li manje nan fwi pyebwa a, e li vle moun lakay li fè menm jan—Li wè yon bafè, yon wout etwat e kwense, ak yon gouf tenèb ki vegle je lèzòm—Sariya, Nefi ak Sam manje nan fwi a, men Laman ak Lemyèl refize. Anviwon 600–592 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, nou te rasanble divès semans, tout kalite grenn ak tout kalite semans ki kapab genyen.

2 Epi, se te konsa, pandan papa

14a Ezek. 5:6;
1 Ne. 1:18–20; 2:13.
GE Rebelyon.
b Jer. 37:15–21.

c 1 Ne. 2:1.
16a 1 Ne. 18:11–15.
17a Alma 14:26–28.
19a 1 Ne. 16:7.

21a GE Padon.
22a GE Rekonesan,
remèsiman.
b 1 Ne. 5:9.

m te rete nan dezè a, li di nou konsa: Kouste, mwen te ^afè yon rèv; oubyen di, mwen te fè yon ^bvizyon.

3 Epi gade, poutèt bagay m te wè a, m gen rezon pou m rejwi nan Senyè a pou ^aNefi ak pou Sam; paske m gen rezon pou m sipoze yomenm ak anpil nan jenerasyon yo pral sove.

4 Men, ^aLaman ak Lemyèl, m pè anpil pou nou; Paske, m sonje m te wè yon dezè fènwa ki dezole nan rèv mwen an.

5 Epi, se te konsa, m te wè yon nonm abiye avèk yon ^awòb blan ki te vin kanpe devan m.

6 Epi, se te konsa, nonm nan te pale avèk mwen, e li te kòmande m pou m suiv li.

7 Epi, se te konsa, lè m te suiv li, m te wè m nan mitan yon dezè fènwa ki te dezole.

8 Epi lè m te fin vwayaje pandan yon pakèt tan nan fènwa, m te kòmanse priye Senyè a pou l ta gen ^amizerikòd pou mwen, daprè tout kantite mizèrikòd byenveyan li yo.

9 Epi, se te konsa, lè m te fin priye Senyè a m te wè yon gwo ^ateren byen laj.

10 Epi, se te konsa, m te wè yon ^apyebwa, ki te gen ^bfwi dezirab pou fè kè moun kontan.

11 Epi, se te konsa, m te ale e m te manje nan ^afwi pyebwa a; m te wè li te pi dous, pase tout fwi m te janm gouste. Wi, e m te wè

fwi a te blan, pi blan pase tout ^bsa ki blan m te janm konn wè.

12 Epi, lè m te manje nan fwi a, li te ranpli nanm mwen avèk anpil ^alajwa; se poutèt sa m te kòmanse ^bvle pou fanmi m ta manje ladan l tou; paske m te konnen li pi ^cdezirab pase tout lòt fwi.

13 Epi lè m te vire je m tounpa tou, pou m te kapab petèt dekouvri fanmi m tou, m te wè yon ^arivyè dlo; li t ap koule, e li te pre pyebwa ki gen fwi m te manje a.

14 Epi, m te gade pou m wè kote rivyè a te sòti; e m te wè tèt dlo a yon ti jan pi lwen; e nan tèt dlo a, m te wè manman nou, Saryi, Sam ak Nefi e yo te kanpe tankou yo pa konnen kote pou yo ale.

15 Epi, se te konsa, m te fè yo siy; e m te di yo avèk yon vwa fò, pou yo vin jwenn mwen pou yo te kapab manje nan fwi a, ki te pi dezirab pase tout lòt fwi.

16 Epi, se te konsa, yo te vin jwenn mwen e yo te manje nan fwi a tou.

17 Epi, se te konsa, m te vle pou Laman ak Lemyèl ta vin manje nan fwi a tou; se poutèt sa, m te voye je m nan direksyon tèt rivyè a pou m te wè si petèt m ta kapab wè yo.

18 Epi, se te konsa, m te wè yo, men yo ^apa t vle vin jwenn mwen pou yo manje nan fwi a.

8 ^{2a} GE Revelasyon; Rèv.

^b 1 Ne. 10:17.

GE Vizyon.

^{3a} 1 Ne. 8:14-18.

^{4a} 1 Ne. 8:35-36.

^{5a} I—JS 1:30-32.

^{8a} GE Mizèrikòd.

^{9a} Mat. 13:38.

^{10a} Jen. 2:9;

Apok. 2:7; 22:2;

1 Ne. 11:4, 8-25.

GE Pyebwa lavi a.

^b Alma 32:41-43.

^{11a} Alma 5:34.

^b 1 Ne. 11:8.

^{12a} GE Jwa.

^b Alma 36:24.

^c 1 Ne. 15:36.

^{13a} 1 Ne. 12:16-18;

15:26-29.

^{18a} 2 Ne. 5:20-25.

19 Epi m te wè yon “bafè ki pase sou kote rivyè a, epi li te mennen nan pyebwa kote m te kanpe a.

20 Epi tou m te wè yon wout “etwat e kwense, ki te mache ak bafè a, ale jis bò pyebwa kote m te kanpe a; epi tou li te mennen nan tèt dlo a, jis nan yon gwo ^bteren byen laj, tankou se te lemondantye.

21 Epi m te wè anpil moun, anpil ladan yo t ap mache vit pou yo te kapab rive sou “wout ki te mennen nan pyebwa kote m te kanpe a.

22 Epi, se te konsa, yo te vini e yo te derape sou wout ki mennen nan pyebwa a.

23 Epi, se te konsa, te gen yon “gouf tenèb ki te leve; wi, yon gouf tenèb tèlman gran, moun yo ki te derape sou wout la te pèdi chemen yo, yo te egare, e yo te pèdi.

24 Epi, se te konsa, m te wè lòt moun ki t ap mache vit, yo te vini e yo te kenbe pwent bafè a; yo te mache vit atravè gouf tenèb la, yo te kenbe bafè a byendi jistan yo te vin rive manje nan “fwi pyebwa a.

25 Epi, lè yo te fin manje nan fwi pyebwa a, yo te vire je yo toupatou tankou yo te “wont.

26 Epi, m te voye je m toupatou, e m te wè, lòtbò rivyè dlo

a, yon gwo kay “byenlaj; e se te tankou l te kanpe sispandi anlè, san okenn sipò atè.

27 Epi li te chaje a moun, gran moun kon jèn moun, gason kon fi; e fason yo te abiye a te rafine anpil; li te “sanble yo t ap moke e yo t ap lonje dwèt sou moun ki te fin manje nan fwi a.

28 Epi lè yo te fin “goute nan fwi a, yo te ^bwont poutèt lòt moun yo ki t ap pase yo nan betiz; e yo te “tonbe sou wout entèdi yo, e yo te pèdi.

29 Kounyeya, mwen menm Nefi, m pa pale “tout pawòl papa m yo.

30 Men, pou m fè istwa a pi kout; li te wè pakèt lòt moun ki t ap mache vit; yo te vini e yo te kenbe pwent “bafè a; yo te mache vit sou wout yo, yo te kontinye kenbe bafè a byendi jistan yo te vini, yo te tonbe e yo te manje nan fwi pyebwa a.

31 Epi li te wè lòt “kantite moun ki t ap tatonnen pou jwenn chemen yo nan direksyon gwo kay byenlaj.

32 Epi, se te konsa, anpil moun te nwaye anba pwofondè “fontèn nan; e anpil lòt te pèdi devan je l, yo te egare nan yon wout etranj.

33 Epi, kantite moun ki te antre nan gwo kay etranj la te anpil. Lè yo te fin antre andedan

19a Sòm 2:9;
Apok. 12:5;
TJS Apok. 19:15
(Apendis);
1 Ne. 8:30; 11:25;
15:23–24.
20a Mat. 7:14;
2 Ne. 31:17–20.
b Mat. 13:38.

21a GE Chemen.
23a 1 Ne. 12:17; 15:24.
24a 1 Ne. 8:10–12.
25a Wom. 1:16;
2 Tim. 1:8;
Alma 46:21;
Mòm. 8:38.
26a 1 Ne. 11:35–36; 12:18.
27a GE Lògèy.

28a 2 Pyè 2:19–22.
b Mak 4:14–20; 8:38;
Lik 8:11–15;
Jan 12:42–43.
c GE Apostazi.
29a 1 Ne. 1:16–17.
30a 1 Ne. 15:23–24.
31a Mat. 7:13.
32a 1 Ne. 15:26–29.

gwo kay la, yo te lonje dwèt “sou mwen ak tout lòt moun ki te manje nan fwi a pou yo pase nou nan betiz; men nou pa okipe yo.

34 Men pawòl papa m yo: Tout moun ki te “okipe yo te pèdi.

35 Papa m di konsa, “Laman ak Lemyèl pa t manje nan fwi a.

36 Epi, se te konsa, lè papa m te fin pale tout pawòl rèv oubyen vizyon li a, ki te anpil, li te di nou konsa, poutèt bagay sa yo li te wè nan yon vizyon, li te pè anpil pou Laman ak Lemyèl; wi, li te pè pou Senyè a pa rejte yo nan prezans li.

37 Epi, lè sa a, li te egzòte yo avèk tout santiman yon “papa ki sansib, pou yo ta koute pawòl li, petèt sa ta fè Senyè a gen mizèrikòd pou yo, pou l pa chase yo; wi, papa m te preche yo.

38 Epi lè l te fin preche yo, ak pwofetize yo anpil bagay, li te kòmande yo pou yo respekte kòmandman Senyè a yo; e li te sispann pale avèk yo.

CHAPIT 9

Nefi fè de gwoup rejis—Yo chak rele liv Nefi—Pi gwo plak yo gen istwa òdinè; pi piti plak yo plis pale konsènan bagay sakre. Anviwon 600–592 ANVAN JEZIKRI.

EPI tout bagay sa yo papa m te

wè, te tande ak li te pale yo pandan li te rete anba tant ki nan “vale Lemyèl la, epi tou youn bann lòt gwo bagay ankò ki pa kapab ekri sou plak sa yo.

2 Epi kounyeya, menm jan m te pale konsènan plak sa yo, se pa sou plak sa yo m ekri tout istwa pèp mwen an; paske plak kote m ekri tout istwa pèp mwen an, mwen te rele yo Nefi; se poutèt sa, yo rele plak Nefi, daprè non pa m; epi plak sa yo rele “plak Nefi tou.

3 Kanmèm, m te resevwa kòmandman nan men Senyè a pou m te fè plak sa yo, pou “rezon espesyal sa a, pou kapab gen ekri konsènan ^bministè pèp mwen an.

4 Sou lòt plak yo ta dwe gen istwa gouvènman wa yo, ak lagè yo, ak chirepit pèp mwen an; se sa ki fè, plak sa yo se pou pi gwo pa ti ministè a; epi “lòt plak yo pou pi gran pa ti gouvènman wa yo ak lagè ak chirepit pèp mwen an.

5 Sè sa ki fè, Senyè a te kòmande m pou m fè plak sa yo pou yon rezon ki “saj nan li, rezon sa a m pa konnen l.

6 Men, Senyè a “konnen tout bagay depi nan kòmansman; se poutèt sa li prepare yon mwayen pou l akonpli tout travay li nan pami pitit lèzòm; paske li gen tout ^bpouvwa pou l akonpli

33a GE Pèsekisyon, pèsekite.

34a Egz. 23:2.

35a 1 Ne. 8:17–18;
2 Ne. 5:19–24.

37a GE Fanmi;
Paran yo.

9 1a 1 Ne. 2:4–6, 8, 14–15;
16:6.

2a 1 Ne. 19:2, 4;
Jakòb 3:13–14;
P—M 1:2–11;
D&A 10:38–40.
GE Plak.

3a D&A 3:19.
b 1 Ne. 6:3.

4a Jakòb 1:2–4;
P—M 1:10.

5a 1 Ne. 19:3;
P—M 1:7;
Alma 37:2, 12, 14.

6a 2 Ne. 9:20;
D&A 38:2;
Moyiz 1:6, 35.
GE Omnisyan.
b Mat. 28:18.

tout pawòl li yo. Epi se konsa sa ye. Amèn.

CHAPIT 10

Leyi predi Babilonyen yo pral fè Juif yo prizonye—Li pale konsènan aparisyon yon Mesi, yon Sovè, yon Redanmtè nan pami Juif yo—Leyi pale tou, konsènan aparisyon moun ki gen pou batize Ti mouton Bondye a—Leyi pale konsènan lanmò ak rezirèksyon Mesi a—Li konpare dispèsyon ak rasanbleman Izrayèl la avèk yon pye oliv—Nefi pale konsènan Pitit Gason Bondye a, don Sentespri a ak nesosite pou lajistis. Anviwon 600–592 ANVAN JEZIKRI.

E, MWEN menm Nefi, m pral rakonte sou “plak sa yo, zafè pa m, epi gouvènman m ak ministè m; men, pou m kòmanse avèk istwa m nan, m dwe yon jan pale, konsènan bagay papa m yo ak frè m yo tou.

2 Paskè reyèlman, se te konsa, lè papa m te fin rakonte pawòl “rèv li a, epi lè l te fin egzòte frè m yo pou yo gen dilijans, li te pale yo konsènan Juif yo—

3 Lè yo fin detwi, gwo vil “Jerizalèm nan, menm lè yo fin ^bmenmen anpil moun prizonye nan “Babilòn daprè kalandrye Senyè a te prevwa Juif yo pral ^dretouren ankò, wi, yo pral mennen yo

sòti nan prizon; e lè yo fin mennen yo sòti nan prizon, yo pral genyen tè eritaj yo a ankò.

4 Wi, menm “sissanzan apre papa m te fin kite Jerizalèm, yon ^bpwofèt Senyè Bondye a t ap leve nan pami Juif yo—sa vle di yon “Mesi oubyen m ta di, yon Sovè pou mond lan.

5 Epi tou li te pale konsènan pwofèt yo; kòman yon pakèt ladan yo te “temwaye konsènan bagay sa yo, konsènan Mesi sa a li te pale a, oubyen Redanmtè sa a ki pou mond lan.

6 Se poutèt sa, tout limanite te nan yon eta pèdi ak “dekadans, e yo t ap toujou rete nan eta sa a si yo pa depann sou Redanmtè sa a.

7 Epi tou, li te pale konsènan yon “pwofèt k ap vini anvan yon Mesi a pou prepare chemen Senyè a—

8 Wi, li t apral menm rele nan dezè a: “Prepare chemen Senyè a, fè wout li plat a; paske gen yon moun nan pami nou, ke nou pa konnen; e li pi puisan pase m, m pa diy pou m demare lasèt soulye l. Epi, papa m pale anpil konsènan bagay sa a.

9 Epi, papa m te di pwofèt sa a gen pou l batize moun nan “Betabara, lòtbò Jouden an; e li di konsa li pral ^bbatize moun nan dlo; e li menm gen pou l batize Mesi a nan dlo.

10 1a 1 Ne. 9:1-5; 19:1-6;
Jakòb 1:1-4.

2a 1 Ne. 8.

3a Estè 2:6;

2 Ne. 6:8;

Ela. 8:20-21.

b 587 ANVAN JEZIKRI;
gade Kwonoloji nan
apendis la.
2 Ne. 25:10.

c Ezek. 24:2;

1 Ne. 1:13;

Omni 1:15.

d Jer. 29:10;

2 Ne. 6:8-9.

4a 1 Ne. 19:8;

2 Ne. 25:19; 3 Ne. 1:1.

b 1 Ne. 22:20-21.

c GE Mesi.

5a Jakòb 7:11;

Mozya 13:33;

Ela. 8:19-24;

3 Ne. 20:23-24.

6a GE Chit Adan ak Èv.

7a 1 Ne. 11:27;

2 Ne. 31:4.

8a Eza. 40:3;

Mat. 3:1-3.

9a Jan 1:28.

b GE Janbatis.

10 Epi, lè l fin batize Mesi a nan dlo, l ap konnen e l ap rann temwayaj li te batize Ti ^aMouton Bondye a ki gen pou l retire peche mond lan.

11 Epi, se te konsa, lè papa m te fin pale pawòl sa yo, li te pale avèk frè m yo konsènan levanjil la ki te gen pou preche nan pami Juif yo, epi konsènan ^adejenere-sans Juif yo nan ^benkwayans. Epi lè yo te fin ^ctouye Mesi ki gen pou l vini an, lè yo fin touye l, l ap ^dresisite nan mitan mò yo pou l fè Janti yo konnen l atravè ^eSentespri a.

12 Wi, papa m menm te pale anpil konsènan Janti yo, e konsènan kay Izrayèl la. Yo te gen pou yo konsidere tankou yon ^apye oliv ki gen tout branch li kase, ^bdispèse sou tout sifas tè a.

13 Se poutèt sa li te di, se nesèsè pou nou mache ansanm ale nan ^atè pwomiz la pou pawòl Senyè a kapab akonpli, pou nou kapab dispèse sou tout sifas tè a.

14 Epi, lè kay Izrayèl la fin dispèse yo pral ^arasanble ansanm ankò, oubyen, nan dènye moman, lè ^bJanti yo fin resevwa plenitid levanjil la, branch natirèl yo ki nan ^cpye oliv la, oubyen rès kay Izrayèl la pral grefe ladan l, oubyen li pral vin konnen vrè

Mesi a, Senyè li a, ak Redanmtè li a.

15 Epi, se avèk kalite langaj sa a papa m te pwofetize, li te pale avèk frè m yo, e li te di yo anpil lòt bagay m pa ekri nan liv sa a. Paske m te ekri tout sa ki te nesèsè pou mwen nan ^alòt liv mwen an.

16 Tout bagay sa yo m fèk pale a te pase lè papa m te rete anba yon tant, nan vale ki rele Lemyèl la.

17 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, lè m te fin tande tout ^apawòl papa m yo konsènan bagay yo li te wè nan ^bvi-zyon an, ak tout pawòl li te pale avèk pouvwa Sentespri a, pouvw a li te resevwa akoz lafwa li te genyen nan Pitit Gason Bondye a—epi Pitit Gason Bondye a se te ^cMesi ki te gen pou L vini an—mwen menm Nefi, m te vle wè, tandè, epi konnen bagay sa yo avèk pouvwa ^dSentespri a, ki se kado Bondye bay tout moun ki chèche l avèk ^edilijans kit nan tan ^fpase ak lè l ap manifeste tèt li devan pitit lèzòm.

18 Paske li se ^amenm ayè, jodi a, pou tout tan; e chemen an prepare pou tout moun depi nan fondasyon mond lan, si yo repanti e si yo vin jwenn li.

10a GE Ti mouton Bondye.

11a Jakòb 4:14–18.

b Mòm. 5:14.

c GE Jezikri; Krisifiksyon.

d GE Rezirèksyon.

e GE Sentespri.

12a Jen. 49:22–26;

1 Ne. 15:12;

2 Ne. 3:4–5;

Jakòb 5; 6:1–7.

GE Jaden Senyè a;

Pye oliv.

b 1 Ne. 22:3–8.

GE Izrayèl—

Dispèsyon Izrayèl la.

13a 1 Ne. 2:20.

GE Tè pwomiz.

14a GE Izrayèl—

Rasanbleman

Izrayèl la.

b 1 Ne. 13:42;

D&A 14:10.

c Jakòb 5:8, 52,

54, 60, 68.

15a 1 Ne. 1:16–17.

17a Enòs 1:3;

Alma 36:17.

b 1 Ne. 8:2.

c GE Mesi.

d GE Sentespri.

e Mowo. 10:4–5, 7, 19.

f D&A 20:26.

18a Ebre 13:8; Mòm. 9:9;

D&A 20:12.

GE Bondye, Divinite.

19 Paske, yon moun ki chèche avèk dilijans ap jwenn; ^a“mistè Bondye yo ap louvri devan l avèk pouvwa ^b“Sentespri a kit kounyeya ak nan tan lontan, kit nan tan lontan ak tan k ap vini; paske ^c“chemen Senyè a se yon wonn etènèl.

20 Se poutèt sa, sonje, O mesye pou tout sa ou fè ou dwe prezante pou ^a“jijman.

21 Se poutèt sa si ou te chèche fè mechanste nan jou ^a“eprèv ou yo, lè sa a ou ^b“pap pwòp devan fotèy jijman Bondye a; e anyen sal pa kapab rete avèk Bondye; se poutèt sa y ap chase ou pou tout tan.

22 Epi Sentespri a bay otorite pou m pale bagay sa yo, e ni pou m pa nye yo.

CHAPIT 11

Nefi wè Lespri Senyè a e yo montre l pyebwa lavi a nan vizyon—Li wè manman Pitit Gason Bondye a e li aprann konpasyon Bondye—Li wè batèm, ministè ak krisifikasyon Ti Mouton Bondye a—Li wè apèl ak ministè Douz Apot Ti Mouton an. Anviwon 600–592 ANVAN JEZIKRI.

PASKE, se te konsa, apre m te vle konnen bagay papa m te wè yo, e m te kwè Senyè a te kapab fè m

konnen yo, pandan m te chita ap ^a“medite nan kè m, Lespri Senyè a te ^b“anpòte m, wi sou yon ^c“mòn ki wo anpil, yon mòn m pa janm wè anvan, e m pa janm mete pye m sou li anvan sa.

2 Epi Lespri a te di m: Kisa w vle?

3 Epi m te di: M vle wè bagay papa m te ^a“wè yo.

4 Epi Lespri a te di m: Èske w kwè papa w te wè ^a“pyebwa sa a li t ap pale a?

5 Epi m te di: Wi, ou konnen m ^a“kwè tout pawòl papa m yo.

6 Epi lè m te fin pale pawòl sa yo, Lespri a te rele byen fò, li di: Ozana pou Senyè a, Bondye Ki Pi Wo a; paske li se Bondye tout ^a“tè a, wi, li menm sou tèt tout bagay. Epi, ou beni, Nefi, paske ou ^b“kwè nan Pitit Gason Bondye Ki Pi Wo a; se poutèt sa, w ap wè bagay ou vle wè yo.

7 Epi, gade bagay sa a pral sèvi w kòm yon ^a“siy: Lè w fin wè pyebwa ki gen fwi papa w te goute a, ou pral wè yon nonm desann sòti nan syèl la, epi ou pral gen temwayaj konsènan li; e lè w fin gen temwayaj konsènan li, ou pral ^b“rann temwayaj li se Pitit Gason Bondye a.

8 Epi, se te konsa, Lespri a te di m: Gade! E lè m te gade, m te wè yon pyebwa; li te tankou

19^a GE Mistè Bondye yo.

^b GE Sentespri.

^c Alma 7:20; D&A 3:2; 35:1.

20^a Ekl. 12:14;

2 Ne. 9:46.

GE Jijman, Dènye a.

21^a Alma 34:32–35.

^b 1 Kor. 6:9–10;

3 Ne. 27:19;

D&A 76:50–62;

Moyiz 6:57.

11 1^a D&A 76:19.

GE Medite.

^b 2 Kor. 12:1–4;

Apok. 21:10;

2 Ne. 4:25;

Moyiz 1:1.

^c Det. 10:1;

Etè 3:1.

3^a 1 Ne. 8:2–34.

4^a 1 Ne. 8:10–12;

15:21–22.

5^a 1 Ne. 2:16.

6^a Egz. 9:29;

2 Ne. 29:7;

3 Ne. 11:14;

Moyiz 6:44.

^b GE Kwayans, kwè.

7^a GE Siy.

^b GE Temwayaj.

“pyebwa papa m te wè a; e li te bèl anpil, wi, pa gen ^banyen ki te pi bèl pase l. E li te pi blan pase nèj k ap tonbe.

9 Epi, se te konsa, lè m te fin wè pyebwa a, m te di Lespri a: M wè, ou te montre m yon pyebwa ki pi ^abon pase tout lòt.

10 Epi, li te di m: Kisa w vle?

11 Epi m te di l: M vle konnen ^aentèpretasyon l—m te pale avèk li, tankou yon nonm t ap pale; paske m te wè l gen menm ^bfòm avèk yon nonm; men m te konnen se te Lespri Senyè a; e li te pale avèk mwen menm jan yon nonm t ap pale avèk yon lòt.

12 Epi, se te konsa, li te di m: Gade! E m te gade tankou se li m t ap gade, men m pa wè l, paske li te sòti nan prezans mwen.

13 Epi, se te konsa, m te gade, m te wè gwo vil Jerizalèm nan, ak kèk lòt vil. Epi m te wè vil Nazarèt la; e m te wè yon ^avyèj nan vil ^bNazarèt la, li te bèl anpil e li te blan.

14 Epi, se te konsa, m te wè ^asyèl yo louvri; e m te wè yon zanj desann vini kanpe devan m. Epi li te di m: Nefi, kisa wè?

15 Epi m te di l: Yon vyèj ki pi bèl pase tout lòt vyèj.

16 Epi, li te di m: Èske w konprann konpasyon Bondye?

17 Epi, m te di l: M konnen li renmen pitit li yo; men, m pa konnen siyifikasyon tout bagay.

18 Epi, li te di m: gade ^avyèj ou te wè a se ^bmanman Pitit Gason Bondye a, dapre kò fizik la.

19 Epi, se te konsa, m te wè Lespri a te pote l ale; e apre ^aLespri a te fin pote l ale pou yon ti moman, zanj la te pale avèk mwen, li di: Gade!

20 Epi, lè m te gade, m te wè vyèj la ankò k ap pote yon ^ati-moun nan bra l.

21 Epi, zanj la te di m; Men Ti ^aMouton Bondye a, wi, Pitit ^bGason ^cPapa Etènèl la menm! Èske w konnen siyifikasyon ^apyebwa papa w te wè a?

22 Epi, m te reponn li, m di: Wi, se ^alanmou Bondye ki antre nèt nan kè pitit lèzòm; se poutèt sa, li pi dezirab pase tout bagay.

23 Epi, li te pale avèk mwen, li di: Wi, pa gen anyen ki kapab fè yon moun pi ^akontan pase sa.

24 Lè l te fin di pawòl sa yo, li di m: Gade! Epi m te gade, e m te wè Pitit Gason Bondye a ki ^aprale nan pami pitit lèzòm. Epi, m te wè anpil moun tonbe nan pye l pou yo adore l.

25 Epi, se te konsa, m te wè ^abafè papa m te wè a, te siyifi pawòl Bondye ki mennen moun nan fontèn dlo ^bvivan yo oubyen

8a 1 Ne. 8:10.

b 1 Ne. 8:11.

9a 1 Ne. 11:22–25.

11a Jen. 40:8.

b Etè 3:15–16.

13a Mat. 2:23.

b Lik 1:26–27;

Alma 7:10.

GE Mari, manman

Jezi.

14a Ezek. 1:1;

1 Ne. 1:8.

18a Eza. 7:14;

Lik 1:34–35.

b Mozya 3:8.

19a Mat. 1:20.

20a Lik 2:16.

21a GE Ti mouton

Bondye.

b GE Jezikri.

c GE Bondye,

Divinite—Bondye

Papa a.

d 1 Ne. 8:10;

Alma 5:62.

GE Pyebwa lavi a.

22a GE Lanmou, renmen.

23a GE Jwa.

24a Lik 4:14–21.

25a 1 Ne. 8:19.

b GE Dlo Vivan.

nan ‘pyebwa lavi a. Dlo sa yo se reprezantasyon lamou Bondye; e m te wè pyebwa lavi a se te yon reprezantasyon lamou Bondye tou.

26 Epi, zanj la te di m ankò: Gade, e wè “konpasyon Bondye!

27 M te gade, e m te “wè Redanmtè mond lan papa m t ap pale a; e m te wè ^bpwofèt ki t ap vin prepare chemen an anvan li a. E, Ti Mouton Bondye a t al fè l ‘batize l. Apre li te fin batize, m te wè syèl la louvri, e Sentespri a te desann, sòti anlè nan syèl, pou l poze sou li, tankou yon ^apijon.

28 Epi, m te wè l t al preche pèp la, avèk ^apouvwa epi avèk anpil glwa. Epi, anpil moun te reyini pou tandè l; e m te wè yo te chase l nan pami yo.

29 Epi tou m te wè ^a“douz lòt ki t ap suiv li. Epi se te konsa, Lespri a te transpòte yo sòti devan fas mwen, e m pa wè yo.

30 Epi, se te konsa, zanj la te pale avèk mwen, li di: Gade! E lè m te gade, m te wè syèl yo louvri ankò, e m te wè ^a“zanj yo desann nan pami pitit lèzòm pou sèvi yo.

31 Epi, li te pale avèk mwen ankò, li di: Gade! M te gade, e m te wè Ti Mouton Bondye a ankò ki te ale nan pami pitit lèzòm.

Epi, m te wè anpil moun ki te malad, ki te aflije avèk tout kalite maladi, ak ^a“dyab ak ^bmove lespri; zanj la te pale e li te montre m tout bagay sa yo. Epi, yo te ^a“geri avèk pouvwa Ti Mouton Bondye a; e li te chase dyab yo ak move lespri yo.

32 Epi, se te konsa, zanj la te pale avèk mwen ankò, li di: Gade! E, m te gade, m te wè Ti Mouton Bondye a, moun yo te pran l; wi, mond lan te ^a“jije Pitit Gason Bondye etènèl la; m te wè sa, e m rann temwayaj.

33 Epi, mwen menm Nefi, m te wè yo te mete l anlè sou yon ^a“kwa, yo te ^btouye l pou peche mond lan.

34 Epi, lè yo te fin touye l, m te wè anpil moun sou tè a rasanble ansanm pou goumen kont apot Ti Mouton an; paske se konsa zanj Senyè a te rele douz mesye yo.

35 Anpil moun sou tè a te rasanble ansanm; e m te wè yo andedan yon gwo ^a“kay byenlaj tankou gwo kay papa m te wè a. Epi zanj Senyè a te pale avèk mwen ankò, li di: Men mond lan avèk sajès li; wi, gade kay Izrayèl la ki te rasanble ansanm pou goumen kont douz apot Ti Mouton an yo.

36 Epi, se te konsa, m te wè, e m rann temwayaj, gwo kay

25c Jen. 2:9;
Alma 32:40–41;
Moyiz 4:28, 31.
26a 1 Ne. 11:16–33.
27a 2 Ne. 25:13.
b Mat. 11:10;
1 Ne. 10:7–10;
2 Ne. 31:4.
c GE Batèm, batize.

d GE Kolonb, Siy.
28a D&A 138:25–26.
29a GE Apot.
30a GE Zanj yo.
31a Mak 5:15–20;
Mozya 3:5–7.
GE Dyab.
b GE Lespri—
Move lespri.

c GE Geri, gerizon.
32a Mak 15:17–20.
33a Jan 19:16–19;
Mozya 3:9–10;
3 Ne. 27:14.
GE Kwa.
b GE Ekspyasyon,
ekspye.
35a 1 Ne. 8:26; 12:18.

byenlaj la sete ^alògèy mond lan; e li te tonbe, li te tonbe byen fò. E, zanj Senyè a te pale avèk mwen ankò, li di: Se konsa des-triksyon tout nasyon, fanmi, lang, ak pèp ki goumen kont douz apot Ti Mouton an yo pral ye.

CHAPIT 12

Nan vizyon, Nefi wè tè pwomiz la; lajistis, inikite ak dekadans abitan li yo; aparisyon Ti Mouton Bondye a nan pami yo; kòman Douz Disip ak Douz Apot yo pral jije Izrayèl; e malpwòp ak eta salte moun ki rete nan enkwwayans yo. Anviwon 600-592 ANVAN JEZIKRI.

Epi, se te konsa, zanj la te di m: Gade, epi kontanple desandan w yo ak desandan frè w yo. Epi m te gade, m wè ^atè pwomiz la. Epi, m te wè anpil moun, wi, se tankou m te wè menm kantite moun avèk grenn sab bò lanmè.

2 Epi, se te konsa, m te wè anpil anpil moun ki te rasanble ansanm pou yo goumen, youn kont lòt; m te wè ^alagè, e m te tandè bri ak mouvman konsènan lagè, e pakèt masak fèt avèk kout epe nan pami pèp mwen an.

3 Epi, se te konsa, m te wè plizyè jenerasyon pase nan mitan lagè ak chirepit nan peyi a; e m te wè anpil vil, wi, tèlman anpil, m pa konte yo.

4 Epi, se te konsa, m te wè yon

^agouf ^btenèb sou sifas tè pwomiz la; m te wè zeklè e m te tandè loray ak tranbleman tè ak tout kalite bri terib; m te wè tè a ak wòch yo fann; m te wè mòn yo chavire fè ti mòso; m te wè plèn yo ki sou tè a fann; m te wè anpil vil ki te ^cnwaye; m te wè anpil moun ki te boule nan dife; e m te wè anpil ki te tonbe atè a, poutèt tranbleman tè a.

5 Epi, se te konsa, lè m fin wè bagay sa yo, m te wè ^avapè tenèb la retire kò l sou sifas tè a; e m te wè anpil foul moun ki pa t tonbe poutèt gran jijman terib Senyè a.

6 M te wè syèl la louvri, e Ti ^aMouton Bondye a t ap desann sòti nan syèl la; li te desann, e li te fè yo wè l.

7 M te wè, e m rann temwayaj Sentespri a te desann sou ^adouz lòt, Bondye te òdone yo, e li te chwazi yo.

8 Epi, zanj la te pale avèk mwen, li di: Gade douz disip Ti Mouton an te chwazi pou sèvi desandan w yo.

9 Epi, li te di m: Èske w sonje ^adouz apot Ti Mouton an yo? Se yo menm ki pral ^bjije douz tribi Izrayèl yo; menm jan an, yo pral jije douz minis desandan w yo, paske ou fè pati nan kay Izrayèl la.

10 Epi, ^adouz minis sa yo ou wè a pral jije desandan w yo. Epi gade, yo jis pou tout tan; paske, poutèt lafwa yo nan Ti Mouton

36a GE Lògèy.
12 1a GE Tè pwomiz.
2a Enòs 1:24;
Mòm. 8:7-8.
GE Lagè.
4a Ela. 14:20-28.

b 1 Ne. 19:10.
c 3 Ne. 8:14.
5a 3 Ne. 8:20; 10:9.
6a 2 Ne. 26:1, 9;
3 Ne. 11:3-17.
7a 3 Ne. 12:1; 19:12-13.

9a Lik 6:13.
b Mat. 19:28;
D&A 29:12.
GE Jijman, Dènye a.
10a 3 Ne. 27:27;
Mòm. 3:18-19.

Bondye a, ^brad yo te vin blanchi nan san li.

11 Epi, zanj la te di m: Gade! E m te gade, m wè ^a“twa jenerasyon pase nan lajistis; e rad yo te blan tankou rad Ti Mouton Bondye a. Epi, zanj la te di m: Moun sa yo blanchi nan san Ti Mouton an, poutèt lafwa yo nan li.

12 Epi, mwen menm, Nefi, m te wè anpil moun nan ^a“katriyèm jenerasyon an pase nan jistis tou.

13 Epi, se te konsa, m te wè foul yo sou tè a rasanble ansanm.

14 Epi, zanj la te di m: Men desandan w yo, ak desandan frè w yo.

15 Epi, se te konsa, m te gade e m wè desandan m yo rasanble ansanm fè bann ^a“kont desandan frè m yo; e yo te rasanble ansanm pou yo goumen.

16 Zanj la te pale avèk mwen, li di: Men fontèn dlo ^a“sal papa w te wè a; wi, ^brivyè sa a li te pale a menm; e pwofondè l se pwofondè ^a“lanfè a.

17 Epi, ^a“gouf tenèb yo se tantasyon dyab la, ki ^b“vegle je e ki fè kè pitit lèzòm di, pou l menen yo nan chemen ^a“laj yo pou yo peri epi pou yo pèdi.

18 Epi, gwo ^a“kay byenlaj papa

w te wè a, se vye ^b“imajinasyon ak ^a“lògèy pitit lèzòm. Epi, yon gwo ^a“gouf terib separe yo; wi, pawòl ^a“lajistis Bondye Etènèl la, ak Mesi a ki se Ti Mouton Bondye a tou. Sentespri a rann temwayaj konsènan li depi nan kòmansman mond lan kounyeya, e depi kounyeya pou tout tan.

19 Epi, pandan zanj la t ap pale pawòl sa yo, m te gade e m wè desandan frè m yo t ap goumen kont desandan m yo, daprè pawòl zanj la; epi poutèt lògèy desandan m yo, ak ^a“tantasyon dyab la, m te wè desandan frè m yo te ^b“domine desandan m yo.

20 Epi, se te konsa, m te gade epi m te wè desandan frè m yo te domine desandan m yo; e yo t al fè bann sou sifas peyi a.

21 M te wè yo rasanble ansanm pou fè bann; m te wè ^a“lagè ak bri lagè nan pami yo; e nan lagè ak mouveman pou lagè, m te wè anpil jenerasyon pase.

22 Epi, zanj la te di m: Moun sa yo pral ^a“tonbe nan enkwayans.

23 Epi, se te konsa, m te wè, lè yo te fin tonbe nan enkwayans, yo te vin tounen yon pèp ^a“fonse, degoutan, ^b“sal, ki te plen ^a“parès ak tout kalite abominasyon.

10b Apok. 7:14;
Alma 5:21–27;
13:11–13;
3 Ne. 27:19–20.
11a 2 Ne. 26:9–10;
3 Ne. 27:30–32.
12a Alma 45:10–12;
Ela. 13:5, 9–10;
3 Ne. 27:32;
4 Ne. 1:14–27.
15a Mòm. 6.
16a GE Sal, salte.
b 1 Ne. 8:13;

15:26–29.
c GE Lanfè.
17a 1 Ne. 8:23; 15:24;
D&A 10:20–32.
b GE Apostazi.
c Mat. 7:13–14.
18a 1 Ne. 8:26;
11:35–36.
b Jer. 7:24.
c GE Lògèy.
d Lik 16:26;
1 Ne. 15:28–30.
e GE Jistis.

19a GE Tantasyon,
tante.
b Jawòm 1:10;
P—M 1:1–2.
21a Mòm. 8:8;
Mowo. 1:2.
GE Lagè.
22a 1 Ne. 15:13;
2 Ne. 26:15.
23a 2 Ne. 26:33.
b 2 Ne. 5:20–25.
c GE Endolan,
Endolans.

CHAPIT 13

Nefi wè nan vizyon legliz dyab la ki tabli nan pami Janti yo, dekouvèt ak kolonizasyon Amerik, anpil pati klè ak pi presye te pèdi nan Bib la, kòm rezilta Janti yo te tonbe nan apostazi, retablisman levanjil la, aparisyon ekriti nan dènye jou yo, ak konstriksyon Siyon. Anviwon 600-592 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, zanj la te pale avèk mwen, li di: Gade! M te gade e m te wè anpil nasyon ak wayòm.

2 Epi, zanj la te di m: Kisa w wè? Epi, m te di l: M wè anpil nasyon ak wayòm.

3 Epi, li te di m: Sa yo se nasyon ak wayòm Janti yo.

4 Epi, se te konsa, m te wè fòmasyon yon "gwo legliz nan pami nasyon ^bJanti yo.

5 Epi, zanj la te di m: Gade fòmasyon yon legliz ki pi abominab pase tout lòt legliz yo, ki "touye sen Bondye yo, wi ki tòtire yo, ki chaje do yo avèk yon ^bchay anfè, e ki mennen yo desann nan kaptivite.

6 Epi, se te konsa, m te gade "gwo legliz abominab la; e m te wè se ^bdyab la ki te fondatè l.

7 Epi tou, m te wè "lò, lajan, twal swa, rad wouj klere, twal fen ak tout kalite rad chè; e m te wè anpil postitye.

8 Epi, zanj la te pale avèk mwen, li di: Ou wè lò, lajan, twal swa, rad wouj klere, twal fen, rad chè, ak postitye yo, se "dezi gwo legliz abominab la.

9 Epi tou, poutèt louwanj mond lan, yo "detwi sen Bondye yo, e yo mennen yo desann nan kaptivite.

10 Epi, se te konsa, m te gade e m te wè anpil dlo; epi yo te divize Janti yo avèk desandan frè m yo.

11 Epi, se te konsa, zanj la te di m: Gade kòlè Bondye sou desandan frè w yo.

12 M te gade epi m te wè yon nonm nan pami Janti yo ke bann dlo yo te separe avèk desandan frè m yo. Epi, m te wè "Lespri Bondye a te desann sou nonm nan; e li te travèse dlo yo pou l ale kote desandan frè m yo ki te nan tè pwomiz la.

13 Epi, se te konsa, m te wè Lespri Bondye a desann sou kèk lòt Janti; yo te sòti nan kaptivite kote yo te ye a, e yo te ale sou bann dlo yo.

14 Epi, se te konsa, m te wè yon "foul Janti sou ^btè pwomiz la; m te wè kòlè Bondye te tonbe sou desandan frè m yo, yo te "dispèse devan Janti yo epi Janti yo te frape yo.

15 Epi, m te wè Lespri Senyè a te sou Janti yo, yo te pwospere, e yo te posede "tè a kòm eritaj; e m

13 4a GE Janti yo.
b 1 Ne. 13:26, 34;
14:3, 9-17.
5a Apok. 17:3-6;
1 Ne. 14:13.
b Jer. 28:10-14.
6a D&A 88:94.
GE Dyab—Legliz

dyab la.
b 1 Ne. 22:22-23.
7a Mòm. 8:36-38.
8a Apok. 18:10-24;
Mòm. 8:35-38.
9a Apok. 13:4-7.
12a GE Enspirasyon,
enspire.

14a 2 Ne. 1:11;
Mòm. 5:19-20.
b GE Tè pwomiz.
c 1 Ne. 22:7-8.
GE Izrayèl—
Dispèsyon Izrayèl la.
15a 2 Ne. 10:19.

te wè yo te blan; yo te ^bbèl anpil, e yo te bèl tankou pèp mwen an anvan yo te ^cmouri.

16 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te wè tout Janti ki te sòti nan kaptivite yo te imilye yo devan Senyè a; epi pouvwa Senyè a te avèk ^ayo.

17 Epi, m te wè manman yo, ki se Janti yo, te rasanble ansanm sou dlo yo ak tè yo pou goumen kont yo.

18 M te wè pouvwa Bondye te avèk yo e kòlè Bondye te sou tout moun ki te rasanble ansanm pou goumen kont yo.

19 Epi, mwen menm Nefi, m te wè pouvwa Bondye te ^ade-livre tout Janti ki te sòti nan kaptivite yo anba men tout lòt nasyon yo.

20 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te wè yo te pwos-pere sou tè a, e m te wè yon ^aliv yo te pote avèk yo.

21 Epi, zanj la te di m: Èske w konnen siyifikasyon liv la?

22 Epi, m te di l: M pa konnen.

23 Epi, li te di: Liv sa a sòti nan bouch yon Juif. E, mwen menm Nefi, m te wè l; e li te di m: ^a“Liv ou wè a, se ^brejis ^cJuif yo ki genyen alyans Senyè a te fè avèk kay Izrayèl la; li gen anpil pwofesi pwofèt sen yo ladan l tou; li se yon rejis tankou ekriti ki sou ^a“plakderen yo, eksepte yo pa

tèlman anpil; se poutèt sa, yo gen alyans Senyè a te fè avèk kay Izrayèl la; se poutèt sa, yo gen anpil valè pou Janti yo.

24 Epi, zanj Senyè a te di m: Ou te wè liv la sòti nan bouch yon Juif; lè l te sòti nan bouch Juif la, li te gen plenitud levanjil Senyè a; douz apot yo te rann temwayaj konsènan menm Senyè sa a; epi yo te rann temwayaj dapre verite ki nan Ti Mouton Bondye a.

25 Se poutèt sa, bagay sa yo te sòti nan men ^aJuif yo, al jwenn ^bJanti yo san melanj, dapre verite ki nan Bondye.

26 Epi, apre yo te fin piblye pa men douz apot Ti Mouton an, soti nan men Juif yo pou yo ale ^ajwenn Janti yo, ou wè fòmasyon yon ^bgwo ^clegliz abominab, ki pi abominab pase tout lòt legliz; paske, gade yo te ^aretire anpil pa ti ^aklè, e ki te pipresye nan levanjil Ti Mouton an, e yo te retire anpil alyans Senyè a tou.

27 Epi, yo te fè tout bagay sa yo pou yo kapab pèvèti wout dwat Senyè a, pou yo kapab vegle je e fè kè pitit lèzòm vin di.

28 Se poutèt sa, ou wè, apre liv la te sòti nan men gwo legliz abominab la, gen anpil pa ti klè, epi presye yo te retire nan liv la, ki se liv Ti Mouton Bondye a.

29 Epi, apre yo te fin retire pa

15b 2 Ne. 5:21.
c Mòm. 6:17–22.
16a D&A 101:80.
19a 2 Ne. 10:10–14;
3 Ne. 21:4;
Etè 2:12.
20a 1 Ne. 14:23.
23a 1 Ne. 13:38;
2 Ne. 29:4–12.

b GE Ekriti yo.
c 2 Ne. 3:12.
d 1 Ne. 5:10–13.
25a 2 Ne. 29:4–6;
D&A 3:16.
GE Juif yo.
b GE Janti yo.
26a Mat. 21:43.
b 1 Ne. 13:4–6;

14:3, 9–17.
c GE Apostazi—
Apostazi legliz
Kreyen lontan an.
d Mòm. 8:33;
Moyiz 1:41.
e 1 Ne. 14:20–26;
AL 1:8.

ti klè, epi presye sa yo, liv la te ale nan pami tout nasyon Janti yo; e apre li te fin ale nan pami tout nasyon Janti yo, wi, menm lè l fin travèse tout dlo ou te wè avèk Janti ki te sòti nan kaptivite yo, ou wè—akoz anpil pa ti klè, epi presye ki te sòti nan liv la, pa ti sa yo ki te klè pou pitit lèzòm te kapab konprann daprè klète ki nan Ti Mouton Bondye a—poutèt bagay sa yo ki te sòti nan levanjil Ti Mouton an, yon pakèt moun fè fo pa, wi, tèlman sa a, Satan te gen yon gwo pouvwa sou yo.

30 Men, ou wè Janti ki te sòti nan kaptivite yo, pouvwa Bondye te leve anlè tout lòt nasyon yo, sou sifas tè ki pi bon pase tout lòt tè yo, ki se tè sa a Senyè Bondye a te fè alyans avèk papa ou, pou desandan li yo te kapab genyen kòm “tè eritaj yo a; se poutèt sa, ou wè, Senyè Bondye a p ap kite Janti yo detwi ^bmelanj desandan w yo ki nan pami frè yo konplètman.

31 Ni tou li p ap kite Janti yo “detwi desandan frè yo.

32 Ni tou Senyè Bondye a p ap kite Janti yo rete nan eta avèg terrib ou wè yo ye la pou tout tan, akoz pati klè, epi presye nan levanjil Ti Mouton an, legliz “abominab ou te wè k ap fòme a te retire yo.

33 Se sa ki fè, Ti Mouton Bondye a di: M ap gen mizèrikòd pou Janti yo, m ap vizite rès kay Izrayèl la avèk gwo jijman.

34 Epi, se te konsa, zanj Senyè a te pale avèk mwen, li di: Ti Mouton Bondye a di, apre m fin vizite “rès kay Izrayèl la—e rès m ap pale a se desandan papa w la—se poutèt sa apre m fin vizite yo avèk jijman, m fin fè Janti yo frape yo, e lè Janti yo fin fè anpil ^bfo pa, poutèt pati klè, epi presye legliz abominab la te retire yo nan “levanjil Ti Mouton an, legliz sa a ki se manman postitye yo—m ap tèlman gen mizèrikòd pou Janti yo jou sa a, nan pouvwa pa m, m ap “voye anpil nan levanjil mwen an pou yo, k ap klè epi k ap presye.

35 Paske, Ti Mouton an di: M pral prezante m devan desandan w yo pou yo kapab ekri anpil bagay m pral preche yo, bagay sa yo pral klè, epi presye e lè desandan w yo ak desandan frè w yo fin dejenere nan enkwayans, “bagay sa yo pral kache pou y al jwenn Janti yo, avèk kado ak pouvwa Ti Mouton an.

36 Epi Ti Mouton an di, se la-dan yo “levanjil mwen an pral ekri, ^bwòch mwen an ak sali m nan.

37 Epi, moun ki chèche pou tabli “Siyon m nan, nan jou sa a,

30a GE Tè pwomiz.

b Alma 45:10–14.

31a 2 Ne. 4:7; 10:18–19;

Jakòb 3:5–9;

Ela. 15:12;

3 Ne. 16:8–9;

Mòm. 5:20–21.

32a GE Dyab—Legliz

dyab la.

34a GE Jozèf, pitit

gason Jakòb.

b 1 Ne. 14:1–3;

2 Ne. 26:20.

c GE Levanjil.

d D&A 10:62.

GE Retablisman

levanjil la.

35a 2 Ne. 27:6; 29:1–2.

GE Liv Mòmón.

36a 3 Ne. 27:13–21.

b Ela. 5:12;

3 Ne. 11:38–39.

GE Wòch.

37a D&A 21:9.

ap ^bbeni, paske ap gen ^ckado ak pouvwa Sentespri a; e si yo ^dpè-severe jiska lafen, ap resiste, nan dènye jou a pou yo kapab sove nan ^ewayòm Ti Mouton an ki p ap janm fini; epi tout moun ki ^fpibliye lapè, wi, bon nouvèl ki pote anpil lajwa, ala y ap bèl sou mòn yo.

38 Epi, se te konsa, m te wè rès desandan frè m yo, ak ^aliv Ti Mouton Bondye a, ki te sòti nan bouch Juif la, li te sòti nan men Janti yo pou l al ^bjwenn rès desandan frè m yo.

39 Epi, lè l te fin rive kote yo, m te wè lòt ^aliv ki te sòti nan men Janti yo avèk pouvwa Ti Mouton an, pou vin jwenn yo, pou ^bkonvenk Janti yo ak rès desandan frè m yo, ak Juif ki te dispèse sou tout sifas tè a, konsènan ^cverite ki genyen nan rejis pwofèt ak douz apot Ti Mouton an yo.

40 Epi, zanj la te pale avèk mwèn, li di: ^adènye rejis ou te wè nan pami Janti yo, pral ^btabli verite ^canvan yo, ki te sòti nan men douz apot Ti Mouton an yo, e yo pral fè konnen pati klè epi presye ki te sòti ladan yo a; e yo pral fè tout fanmi, lang, ak pèp konnen, Ti Mouton Bondye a se Pitit Gason

Papa Etènèl la, li se ^aSovè mond lan; epi tout moun dwe vin jwenn li, oubyen, yo pa kapab sove.

41 Epi, yo dwe vini daprè pawòl ki pral tabli avèk bouch Ti Mouton an; e pawòl Ti Mouton an pral ekri nan rejis desandan w yo ak rejis douz apot Ti Mouton an yo, se poutèt sa, yo tou de pral fè yon ^asèl; paske gen yon ^bsèl Bondye ak yon sèl ^cBèje sou tout tè a.

42 Epi, moman an pral rive lè li pral manifeste tèt li devan tout nasyon, ni ^aJuif yo, ak Janti yo; epi apre l fin manifeste tèt li devan Juif yo ak Janti yo, lè sa a li pral manifeste tèt li devan Janti yo ak Juif yo, e ^bdènye yo pral vin premye, ^cpremye yo pral vin dènye.

CHAPIT 14

Yon zanj pale Nefi konsènan benediksyon ak malediksyon ki pral tonbe sou Janti yo—Gen de legliz sèlman: Legliz Ti Mouton Bondye a ak legliz dyab la—Gwo legliz abominab la pèsekite Sen Bondye yo ki nan pami tout nasyon—Apot Jan pral ekri konsènan finisman mond lan. Anviwon 600–592 AN-VAN JEZIKRI.

37^b GE Siyon.

^c GE Don Sentespri.

^d 3 Ne. 27:16.

GE Pèsevere.

^e GE Glwa selès.

^f Eza. 52:7;

Mozya 15:14–18;

3 Ne. 20:40.

38^a 1 Ne. 13:23;

2 Ne. 29:4–6.

^b Mòm. 5:15.

39^a GE Ekriti yo—Pwofesi

konsènan ekriti

k ap vini.

^b Ezek. 37:15–20;

2 Ne. 3:11–12.

^c 1 Ne. 14:30.

40^a 2 Ne. 26:16–17; 29:12.

GE Liv Mòm.

^b Mòm. 7:8–9.

^c GE Bib.

^d Gade nan Paj tit Liv

Mòm an.

Moyiz 1:6.

41^a Ezek. 37:17.

^b Det. 6:4;

Jan 17:21–23;

2 Ne. 31:21.

^c GE Bon Bèje.

42^a D&A 90:8–9;

107:33; 112:4.

^b Jakòb 5:63.

^c Lik 13:30;

1 Ne. 15:13–20.

EPI, se pral konsa, si “Janti yo koute Ti Mouton Bondye a, jou sa a, l ap manifeste tèt li devan yo nan pawòl, nan ^bpouvwa, e menm nan aksyon pou l retire ‘pyèdachopman yo—

2 Epi, si yo pa ta fè kè yo di kont Ti Mouton Bondye a, y ap konte nan pami desandan papa w yo, wi, y ap “konte nan pami kay Izrayèl la; e y ap vin tounen yon pèp ^bbeni sou tè pwomiz la pou tout tan; yo p ap janm tonbe nan kaptivite ankò; e kay Izrayèl la p ap janm nan konfizyon ankò.

3 Epi, Ti Mouton Bondye a di: Gwo “twou sa a gwo legliz abominab la te foye pou yo a, legliz sa a dyab la ak pitit li yo te fonde pou l kapab mennen nanm lèzòm nan lanfè a—wi, gwo twou sa a ki te foye pou detwi lèzòm nan, gen pou l ranpli avèk moun ki te foye l yo pou destriksyon yo nèt; se p ap destriksyon nanm yo, eksepte si yo jete yo nan ^blanfè san fen an.

4 Paske gade, se daprè kaptivite dyab la, e daprè lajistis Bondye sou tout moun k ap fè mechanste ak abominasyon devan li.

5 Epi, se te konsa, zanj la te pale avèk mwen, Nefi, li di: Ou

te wè, si Janti yo repanti, l ap bon pou yo; e ou konnen alyans Senyè a te fè avèk kay Izrayèl la tou; e ou te tandè, tout moun ki pa “repanti dwe peri.

6 Se poutèt sa, “madichon pou Janti yo si yo fè kè di kont Ti Mouton Bondye a.

7 Paske, Ti Mouton Bondye a di, lè a rive, m ap fè yon “gwo travay mèveye nan pami pitit lèzòm; yon travay ki p ap janm fini, nan yon fason oubyen nan yon lòt—oubyen pou l konvenk yo nan lapè ak ^blavi etènèl, oubyen pou l lage yo pou kont yo nan kè di ak panse yo ki avèg, jistan yo desann nan “kaptivite ak destriksyon alafwa esprityèl epi tanporèl, daprè kaptivite dyab m te pale a.

8 Epi, se te konsa, lè zanj la te fin pale pawòl sa yo, li di m: Èske ou sonje “alyans Papa a te fè avèk kay Izrayèl la? M di li: Wi.

9 Epi, se te konsa, li te di m: Gade, epi wè gwo legliz abominab la, ki se manman abominasyon “dyab la te fonde a.

10 Epi, li te di m: Ou wè, se “de legliz ki genyen sèlman; youn se legliz Ti Mouton Bondye a, ^blòt la se legliz dyab la; se poutèt sa nenpòt moun ki pa

14 1a 3 Ne. 16:6-13.

GE Janti yo.

b 1 Tes. 1:5;

1 Ne. 14:14;

Jakòb 6:2-3.

c Eza. 57:14;

1 Ne. 13:29, 34;

2 Ne. 26:20.

2a Gal. 3:7, 29;

2 Ne. 10:18-19;

3 Ne. 16:13; 21:6, 22;

Abr. 2:9-11.

b 2 Ne. 6:12; 10:8-14;

3 Ne. 16:6-7; 20:27.

3a 1 Ne. 22:14;

D&A 109:25.

b GE Danasyon, dane;

Lanfè.

5a GE Repantans, repanti.

6a 2 Ne. 28:32.

7a Eza. 29:14;

1 Ne. 22:8;

2 Ne. 27:26; 29:1-2;

D&A 4:1.

GE Retablisman

levanjil la.

b GE Lavi etènèl.

c 2 Ne. 2:26-29;

Alma 12:9-11.

8a GE Alyans Abraram.

9a 1 Ne. 15:35;

D&A 1:35.

GE Dyab.

10a 1 Ne. 22:23.

b 1 Ne. 13:4-6, 26.

nan legliz Ti Mouton Bondye a, li nan gwo legliz sa a ki se manman abominasyon yo; e li se ‘pwostitye tout tè a.

11 Epi, se te konsa, m te gade e m te wè pwostitye tout tè a, epi li te chita sou anpil “dlo; epi ^bli te gen dominasyon sou tout tè a, nan pami tout nasyon, tout fanmi, tout lang ak tout pèp.

12 Epi, se te konsa, m te wè legliz Ti Mouton Bondye a; li pa gen “anpil moun, poutèt mechanste ak abominasyon postitye a ki te chita sou anpil dlo; men, m te wè legliz Ti Mouton an, ki se sen Bondye yo, te sou ^btout sifas tè a tou; e yo pa gen anpil dominasyon sou sifas tè a poutèt mechanste gwo pwostitye m te wè a.

13 Epi, se te konsa, m te wè gwo manman abominasyon an te rasanble anpil moun ansanm sou tout sifas tè a, nan pami tout nasyon Janti yo pou “goumen kont Ti Mouton Bondye a.

14 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te wè pouvwa Ti Mouton Bondye a te desann sou sen legliz Ti Mouton an yo, ak sou pèp alyans Senyè a, ki te dispèse sou tout sifas tè a; epi yo te ame avèk lajistis, e avèk “pouvwa Bondye nan anpil glwa.

15 Epi, se te konsa, m te wè kòlè Bondye te “tonbe sou gwo legliz abominab la jistan te gen lagè ak rimè lagè nan pami tout ^bnasyon ak fanmi ki sou tè a.

16 Epi, lè te kòmanse gen “lagè ak rimè lagè nan pami tout nasyon ki fè pati manman abominasyon an, zanj la te pale avèk mwen, li di: gade, kòlè Bondye tonbe sou manman postitye yo; e ou wè tout bagay sa yo—

17 Epi, lè “jou sa a rive, pou ^bkòlè Bondye fin simaye sou manman postitye yo, ki se gwo legliz abominab ki sou tout tè a, legliz dyab la te fonde a; jou sa a, “travay Papa a pral kòmanse, pou l prepare yon chemen pou l akonpli “alyans yo li te fè avèk moun li yo ki nan kay Izrayèl la.

18 Epi, se te konsa, zanj la te pale avèk mwen, li di: Gade!

19 M te gade e m te wè youn nonm ki te abiye avèk yon wòb blanch.

20 Epi, zanj la te di m: Men “youn nan douz apot Ti Mouton an yo.

21 Li gen pou l wè epi pou l ekri rès bagay sa yo; wi, epi anpil bagay ki te pase.

22 Epi tou, li pral ekri konsènan finisman mond lan.

23 Se poutèt sa, bagay li pral

10c Apok. 17:5, 15;
2 Ne. 10:16.

11a Jer. 51:13;
Apok. 17:15.
b D&A 35:11.

12a Mat. 7:14;
3 Ne. 14:14;
D&A 138:26.
b D&A 90:11.

13a Apok. 17:1–6;

18:24;
1 Ne. 13:5;
D&A 123:7–8.

14a Jakòb 6:2;
D&A 38:32–38.

15a D&A 1:13–14.
b Mak 13:8;
D&A 87:6.

16a 1 Ne. 22:13–14;
Mòm. 8:30.

17a GE Dènye jou yo.
b 1 Ne. 22:15–16.

c 3 Ne. 21:7, 20–29.
GE Retablisman
levanjil la.

d Mòm. 8:21, 41.
GE Alyans Abraram.

20a Apok. 1:1–3;
1 Ne. 14:27.

ekri yo jis e yo se verite; e yo ekri nan ^aliv ou wè ki te sòti nan bouch Juif la; lè yo te sòti nan bouch Juif la, oubyen, lè liv la te sòti nan bouch Juif la, bagay ki te ekri yo te klè, yo te san melanj, yo te gen anpil ^bvalè e yo te fasil pou tout moun kapab konprann.

24 Epi, gen anpil bagay nan sa ^aapot Ti Mouton an yo pral ekri yo ou wè deja; epi ou pral wè rès la.

25 Men, pa ekri bagay ou pral wè apre sa yo; paske Senyè Bondye a te òdone apot Ti Mouton Bondye a pou l ^aekri yo.

26 Epi tou, te gen lòt moun li te montre tout bagay, yo te ekri yo; e yo ^asele yo pou yo kapab parèt san melanj, nan pami kay Izrayèl la, lè Senyè a vle, dapre verite ki nan Ti Mouton an.

27 Epi, mwen menm Nefi, m te tande e m rann temwayaj, non apot Ti Mouton an se te ^aJan, dapre pawòl zanj la.

28 Epi, mwen menm Nefi, yo defann mwen ekri rès bagay m te wè epi tande yo; se poutèt sa bagay m te ekri yo ase pou mwen; e m te sèlman ekri yon ti pati nan bagay m te wè yo.

29 M rann temwayaj, m te wè bagay ^apapa m te wè yo, e zanj Senyè a te fè m konnen yo.

30 Kounyeya a, m sispann pale konsènan bagay m te wè lè Lespri a te enpòte m lwen an; e si m

pa ekri tout sa m te wè, sa m ekri yo se ^averite. Epi, se konsa sa ye. Amèn.

CHAPIT 15

Desandan Leyi yo gen pou resevwa levanjil la nan men Janti yo nan dènye jou yo—rasanbleman Izrayèl la yo avèk yon pye oliv lè branch natirèl li yo pral grefe sou li ankò—Nefi entèprete vizyon pyebwa lavi a, e li pale konsènan lajistis Bondye fè, lè li separe mechan yo avèk jis yo. Anviwon 600–592 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, mwen menm Nefi, apre m te fin anpòte nan Lespri a, epi m te fin wè tout bagay sa yo, m te retounen nan tant papa m nan.

2 Epi, se te konsa, m te wè frè m yo, e yo t ap diskite youn avèk lòt konsènan bagay papa m te pale yo.

3 Paske li te reyèlman pale yo anpil gran bagay, ki te difisil pou yon moun ^akonprann, si li pa t mande Senyè a; e kè yo te di, se poutèt sa, yo pa t mande Senyè a.

4 Epi, mwen menm Nefi, m te gen chagren poutèt frè m yo te fè kè di; e poutèt bagay m te wè yo, paske m te konnen y ap rive kanmèm poutèt gwo mechanste pitit lèzòm yo.

5 Epi, se te konsa, ^aaflikasyon te anvayi m, paske m konsidere

23a 1 Ne. 13:20–24;

Mòm. 8:33.

b 1 Ne. 13:28–32.

24a Etè 4:16.

25a Jan 20:30–31;

Apok. 1:19.

26a 2 Ne. 27:6–23;

Etè 3:21–27;

4:4–7;

D&A 35:18;

I—JS 1:65.

27a Apok. 1:1–3.

29a 1 Ne. 8.

30a 2 Ne. 33:10–14.

15 3a 1 Kor. 2:10–12;

Alma 12:9–11.

5a GE Advèsite.

afliksyon m yo pi gwo pase tout bagay, poutèt ^bdestriksyon pèp mwen an, paske m te wè dekadans yo.

6 Epi, se te konsa, apre m te fin resevwa ^afòs, m te pale avèk frè m yo, pou m kapab konnen poukisa yo t ap diskite.

7 Epi yo te di: Nou pa kapab konprann pawòl papa nou te pale konsènan branch natirèl pye oliv la epi tou konsènan Janti yo.

8 Epi, m te di yo: Èske nou te mande Senyè a?

9 Epi, yo te di m: Non, paske Senyè a pa fè nou konnen bagay konsa.

10 Epi, m te di yo: Kòman nou fè pa respekte kòmandman Senyè a yo? Gade kòman nou pral peri, poutèt kè nou ^adi?

11 Èske n pa sonje bagay Senyè a te di yo?—Si nou pa fè kè di, si nou ^amande m avèk lafwa, si nou kwè n ap resevwa, si nou respekte kòmandman m yo avèk dilijans, reyèlman n ap konnen bagay sa yo.

12 Gade, m di nou konsa, Lespri Senyè a ki te sou papa nou an te konpare kay Izrayèl la avèk yon pye oliv; epi gade, èske nou pa sòti nan kay Izrayèl la, e èske nou pa youn ^abranch nan kay Izrayèl la?

13 E kounyeya, papa nou te pale konsènan grèf branch natirèl yo nan totalite Janti yo; li vle di, nan dènye jou yo, lè ^adesandan nou yo fin dejenere nan enkwayans, wi, pandan anpil ane, e anpil jenerasyon apre ^bMesi a fin manifeste tèt li fizikman nan pami pitit lèzòm; lè sa a, plenitud ^clevanjil Mesì a pral vin jwenn Janti yo, epi sòti nan men ^dJanti yo pou l al jwenn rès desandan nou yo—

14 Epi, jou sa a, rès ^adesandan nou yo pral konnen yo fè pati kay Izrayèl la, e yo se pèp ^balyans Senyè a; e lè sa a yo pral konnen e yo pral vin gen ^ckonesans konsènan zansèt yo, ak konsènan levanjil Redanmtè yo a te bay papa yo a. Se poutèt sa, yo pral vin konnen Redanmtè yo a, levanjil Redanmtè a te preche zansèt yo a; se poutèt sa, y ap vin gen konesans konsènan Redanmtè yo a ak pwen egzat ki nan doktrin li a, pou yo konnen kòman pou yo vin jwenn li, pou yo kapab sove.

15 Epi, jou sa a, èske yo p ap rejwi, e èske yo p ap bay louwanj pou Bondye etènèl yo a ki se ^afondasyon yo ak sali yo? Wi, jou sa a, èske yo p ap resevwa fòs ak nouriti nan vrè ^btij la?

5b Enòs 1:13; Mòm. 6:1.

6a Moyiz 1:10;
1—JS 1:20, 48.

8a Mozya 26:13;
Alma 40:3.
GE Priyè.

10a GE Apostazi.

11a Jak 1:5-6;
Enòs 1:15;
Mowo. 7:26;
D&A 18:18.

GE Mande.

12a Jen. 49:22-26;
1 Ne. 10:12-14; 19:24.

GE Leyi, papa Nefi.

13a 1 Ne. 12:22-23;
2 Ne. 26:15.

b GE Mesì.

c GE Levanjil.

d 1 Ne. 13:42; 22:5-10;

D&A 14:10.

GE Janti yo.

14a 2 Ne. 10:2;

3 Ne. 5:21-26; 21:4-7.

b GE Alyans Abraram.

c 2 Ne. 3:12; 30:5;

Mòm. 7:1, 9-10;

D&A 3:16-20.

Gade tou nan

Paj tit Liv Mòmmon an.

15a GE Wòch.

b Jen. 49:11;

Jan 15:1.

Wi, èske yo p ap vin jwenn vrè twoupo Bondye a?

16 Gade, m di nou, Wi; yo pral fè pati nan pami kay Izrayèl la ankò; yo pral “grefe sou li, paske yo se branch natirèl pye oliv la, nan vrè pye oliv la.

17 Se sa papa nou vle di; li vle di sa p ap rive anvan Janti yo ta fin dispèse yo; e li vle di Senyè a pral fè Janti yo fè sa pou l kapab montre Janti yo pouvwa l poutèt Juif yo oubyen kay Izrayèl la pral “rejte l.

18 Se poutèt sa, papa nou pa pale sèlman konsènan desandan nou yo, men li pale konsènan tout kay Izrayèl la tou, li fè sonje alyans ki te gen pou akonpli nan dènye jou yo; alyans Senyè a te fè avèk papa nou Abraram, lè l te di: Tout fanmi sou tè a pral beni akòz “desandan ou yo.

19 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te pale anpil avèk frè m yo konsènan bagay sa yo; wi, m te pale avèk yo konsènan “restorasyon Juif yo nan dènye jou yo.

20 Epi, se te konsa, m te repete pawòl “Ezayi yo pou yo; Ezayi te pale konsènan restorasyon Juif yo oubyen kay Izrayèl la; epi lè yo te fin restore, yo pa t ap janm tonbe nan konfizyon ankò, ni tou yo pa t ap janm dispèse ankò. Epi, m te pale frè m

yo anpil pawòl, se sa ki fè yo te vin dou, e yo te vin gen ^bimilite devan Senyè a.

21 Epi, se te konsa, yo te pale avèk mwen ankò, yo te di: Kisa sa vle di bagay papa nou te wè nan rèv la? Kisa sa vle di “pyebwa li te wè a?

22 Epi, m te di yo: Se te youn reprezantasyon “pyebwa lavi a.

23 Epi, yo te di m: Kisa “bafè papa nou te wè ki mennen nan pyebwa a vle di?

24 Epi, m te di yo se “pawòl Bondye; e nenpòt moun ki koute pawòl Bondye, e ki ^bkenbe l fèm, li p ap janm peri; ni tou ‘tantasyon ak ^fflèch dife ‘advèsè a pa kapab vegle je yo pou mennen yo nan destriksyon.

25 Se poutèt sa, mwen menm Nefi, m te egzòte yo pou yo “koute pawòl Senyè a; wi, m te egzòte yo avèk tout enèji nanm mwen, e avèk tout fakilte m posede pou yo koute pawòl Bondye e pou yo toujou sonje respekte kòmandman li yo nan tout bagay.

26 Epi yo te di m: Kisa sa vle di “rivyè dlo papa nou te wè a?

27 Epi, m te di yo konsa, “dlo papa m te wè a se te ^bsalte; e li tèlman mete lide l sou lòt bagay, li pa t wè salte dlo a.

28 Epi, m te di yo se te youn

16a Jakòb 5:60–68.

17a GE Krisifiksyon.

18a Jen. 12:1–3;

Abr. 2:6–11.

19a 1 Ne. 19:15.

GE Izrayèl—

Rasanbleman

Izrayèl la.

20a 1 Ne. 19:23.

b 1 Ne. 16:5, 24, 39.

21a 1 Ne. 8:10–12.

22a 1 Ne. 11:4, 25;

Moyiz 3:9.

23a 1 Ne. 8:19–24.

24a GE Pawòl Bondye.

b 1 Ne. 8:30;

2 Ne. 31:20.

c 1 Ne. 8:23.

GE Tantasyon, tante.

d Efe. 6:16;

D&A 3:8; 27:17.

e GE Dyab.

25a D&A 11:2; 32:4;

84:43–44.

26a 1 Ne. 8:13.

27a 1 Ne. 12:16.

b GE Sal, salte.

“gouf terib ki te separe mechan yo avèk pyebwa lavi a, e avèk sen Bondye yo.

29 Epi, m te di yo li reprezante “lanfè terib zanj la di m ki te prepare pou mechan yo.

30 Epi, m te di yo konsa papa nou te wè, “lajistis Bondye te separe mechan yo avèk jis yo tou; e klète lajistis la tankou klète yon flanm dife k ap monte kote Bondye pou tout tan epi ki pa gen finisman.

31 Epi, yo te di m: Èske bagay sa a vle di touman kò a nan jou “eprèy yo, oubyen èske sa vle di eta final nanm nan apre ^blanmò kò tanporèl la; oubyen èske li pale konsènan bagay ki tanporèl?

32 Epi, se te konsa, m te di yo konsa, se te yon reprezantasyon ni bagay tanporèl epi ni bagay espirityèl; paske, gen yon jou k ap vini, yo dwe pase anba jijman pou “zèv yo, wi, menm zèv kò tanporèl la te fè pandan jou eprèy yo.

33 Se poutèt sa, si yo ta “mouri nan mechanste yo, y ap ^bchase yo tou, dapre bagay espirityèl ki gen rapò avèk lajistis; se poutèt sa yo dwe prezante pou yo kanpe devan Bondye, pou l kapab ^cjije yo dapre ^dzèv yo; e si

zèv yo te sal, yo dwe vin ^esal; e si yo sal, yo pa kapab ^frete nan wayòm Bondye a; pou sa ta posib, se pou wayòm Bondye a ta sal tou.

34 Men, gade m di nou wayòm Bondye a pa ^asal, e okenn bagay sal pa kapab antre nan wayòm Bondye a; se poutèt sa, dwe gen yon kote sal, ki prepare pou sa ki sal.

35 Epi, gen yon kote ki prepare, wi, ^alanfè terib sa a menm m te pale a, e se ^bdyab la ki prepare l; se poutèt sa, dènye objektif nanm yon moun se pou l rete nan wayòm Bondye, oubyen pou yo chase l poutèt ^clajistis m t ap pale a.

36 Se poutèt sa yo rejte mechan yo nan pami jis yo, e yo rejte yo lwen ^apyebwa lavi a, ki gen fwi pi bon e pi ^bdezi-rab pase tout lòt fwi; wi, e se pi ^cgran ^dkado Bondye. Epi, se konsa m te pale avèk frè m yo. Amèn.

CHAPIT 16

Mechan yo panse verite a di—Pitit gason Leyi yo marye avèk pitit fi Ismayèl yo—Lyawona a dirije chemen yo nan dezè a—Tanzantan Senyè a ekri mesaj li sou Lyawona

28a Lik 16:26;

1 Ne. 12:18;

2 Ne. 1:13.

29a GE Lanfè.

30a GE Jistis.

31a Alma 12:24; 42:10;

Ela. 13:38.

b Alma 40:6, 11–14.

32a GE Zèv.

33a Mozya 15:26;

Mowo. 10:26.

b Alma 12:12–16;

40:26.

c GE Jijman, Dènye a.

d 3 Ne. 27:23–27.

e 2 Ne. 9:16;

D&A 88:35.

f Sòm 15; 24:3–4;

Alma 11:37;

D&A 76:50–70;

Moyiz 6:57.

34a GE Sal, salte.

35a 2 Ne. 9:19;

Mozya 26:27.

GE Lanfè.

b 1 Ne. 14:9;

D&A 1:35.

c GE Jistis.

36a Jen. 2:9;

2 Ne. 2:15.

b 1 Ne. 8:10–12;

Alma 32:42.

c D&A 6:13.

d D&A 14:7.

GE Lavi etènèl.

a—Ismayèl mouri; fanmi l yo plen-yen poutèt afliksyon yo. Anviwon 600-592 ANVAN JEZIKRI.

Epi, se te konsa, apre mwen menm Nefi m te fin pale avèk frè m yo, men sa yo te di m: Ou te deklare nou bagay ki di, plis pase sa nou kapab sipòte.

2 Epi, se te konsa, m te di yo konsa, m konnen m te pale pa-wòl ki di kont mechan yo, dapre verite a; e m te jistifye jis yo, e m te temwaye yo gen pou yo leve anlè nan dènye jou a; se poutèt sa, "koupab yo panse ^bverite a di paske li ^cblese yo dwat nan mitan nanm yo.

3 Kounyeya frè m yo, si nou te jis e si nou te vle koute verite a e si nou te obeyi l, pou nou ta "mache dwat devan Bondye, nou pa t ap plenyen poutèt verite a, epi nou pa t ap di: Ou pale bagay ki di kont nou.

4 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te egzòte frè m yo avèk tout dilijans pou yo respekte kòmandman Senyè a yo.

5 Epi, se te konsa, yo te tèlman "imilye tèt yo devan Senyè a, m te gen lajwa ak anpil esperans pou yo, pou yo ta mache nan chemen lajistis la.

6 Kounyeya, tout bagay sa yo te di e yo te fèt pandan papa m te rete nan yon tant nan vale li te rele Lemyèl la.

7 Epi, se te konsa, mwen menm

Nefi, m te "marye avèk youn nan pitit ^bfi Ismayèl yo; frè m yo te marye avèk kèk nan pitit fi Ismayèl yo; epi tou ^cZoram te marye avèk premye pitit fi Ismayèl la.

8 Epi se te konsa, papa m te akonpli tout kòmandman Senyè a te ba li yo. Epi tou, mwen menm Nefi, Senyè a te beni m anpil.

9 Epi, se te konsa, vwa Senyè a te pale avèk papa m nan aswè, e li te kòmande l pou l kòmanse vwayaj li nan dezè a nan demen.

10 Epi, se te konsa, lè papa m te reveye nan maten epi li te ale nan pòt tant la, li te etone anpil lè l te wè yon "boul won, ki te byen fèt, atè a; e li te fèt avèk bon eren rafine. Te gen de egwi andedan boul la; e youn ladan yo te pwente nan direksyon nou dwe ale a.

11 Epi, se te konsa, nou te rasanble ansanm tout bagay nou te dwe pote nan dezè a, ak tout rès pwovizyon Senyè a te ban nou yo; e nou te pran tout kalite semans pou nou te kapab pote nan dezè a avèk nou.

12 Epi, se te konsa, nou te pran tant nou yo epi nou te pati nan dezè a, lòtbò rivyè Laman an.

13 Epi, se te konsa, nou te vwayaje pandan kat jou, prèske nan direksyon sid-sidès, nou te plante tant nou yo ankò; e nou te rele kote a Chazè.

16 2a Jan 3:20;

2 Ne. 33:5;

Enòs 1:23;

Ela. 14:10.

GE Remò.

b Pwov. 15:10;

2 Ne. 1:26; 9:40;

Ela. 13:24-26.

c Tra. 5:33;

Mozya 13:7.

3a D&A 5:21.

GE Mache, mache

avèk Bondye.

5a 1 Ne. 16:24, 39; 18:4.

7a 1 Ne. 7:1.

b GE Maryaj, marye.

c 1 Ne. 4:35;

2 Ne. 5:5-6.

10a Alma 37:38-46.

GE Lyawona.

14 Epi, se te konsa, nou te pran flèch nou yo e nou te ale nan dezè a pou nou touye bèt pou fanmi nou yo manje; e lè nou te fin touye bèt pou fanmi nou yo, nou te retounen al jwenn fanmi nou yo ankò nan dezè a, kote ki rele Chazè a. Epi nou te ale nan dezè a ankò, nan menm direksyon an, nou te mache nan pati ki gen plis pyebwa nan dezè a, ki te bò kote “Lanmè Wouj la.

15 Epi, se te konsa, nou te vwayaje pandan anpil jou, nou te touye bèt pou manje nan wout la, avèk flèch nou yo, avèk wòch e avèk fistibal nou yo.

16 Epi nou te suiv “direksyon boul la, ki te dirije nou nan pati ki te gen plis pyebwa nan dezè a.

17 Epi lè nou te fin vwayaje pandan anpil jou, nou te plante tant nou yo pou kèk tan, pou nou te kapab repoze nou epi pou nou te kapab jwenn manje pou fanmi nou yo.

18 Epi, se te konsa, pandan mwen menm Nefi, m t ale touye bèt pou manje, flèch mwen an ki te fèt avèk “metal fen te kase; e lè flèch mwen an te fin kase, frè m yo te fache kont mwen poutèt flèch mwen an ki te pèdi, paske nou pa t jwenn manje.

19 Epi, se te konsa, nou te retounen al jwenn fanmi nou yo san manje, e yo te fatigue anpil poutèt vwayaj yo, yo te soufri anpil paske yo te bezwen manje.

20 Epi, se te konsa, Laman ak

Lemyèl ak pitit gason Ismayèl yo te kòmanse plenyen anpil, poutèt soufrans ak aflikasyon yo nan dezè a; epi tou papa m te kòmanse plenyen kont Senyè Bondye li a; wi, e yo tout te tèlman gen lapenn jistan yo plenyen kont Senyè a.

21 Kounyeya, se te konsa, mwen menm Nefi m te aflije ansanm avèk frè m yo poutèt flèch mwen an ki te pèdi a, e poutèt elastik flèch yo te vin lache, li te kòmanse vin difisil anpil, wi, tèlman nou pa t kapab jwenn manje.

22 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te pale avèk frè m yo anpil, paske yo te fè kè yo di ankò, yo te menm “plenyen kont Senyè Bondye yo a.

23 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te fè yon flèch avèk bwa e m te fè yon pik pweni avèk yon bwa dwat; konsa, m te ame m avèk yon flèch, avèk yon fistibal avèk wòch. E m te di “papa m: Ki kote m dwe ale pou m jwenn manje?

24 Epi, se te konsa, li te “mande Senyè a, paske yo te imilye yo poutèt pawòl mwen yo; paske m te di yo anpil bagay avèk enèji nanm mwen.

25 Epi, se te konsa, papa m te tande vwa Senyè a; Senyè a te tèlman “reprimande papa m poutèt li te plenyen kont Senyè a, sa te fè papa m gen anpil lapenn.

26 Epi, se te konsa, vwa Senyè

14a D&A 17:1.

16a 1 Ne. 16:10, 16, 26;

18:12;

Alma 37:38–46.

18a 2 Sam. 22:35.

22a Egz. 16:8;

Nomb 11:1.

23a Egz. 20:12;

Mozya 13:20.

24a GE Priyè.

25a Etè 2:14.

GE Chatye, chatiman.

a te di li: Gade sou boul la, e w ap wè bagay ki ekri yo.

27 Epi, se te konsa, lè papa m te wè bagay yo ki te ekri sou boul la, li te pè e li te tranble anpil, e frè m yo tou ak pitit gason Ismayèl yo ak madanm nou.

28 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te wè egwi yo ki te nan boul la te travay daprè "lafwa ak dilijans epi atansyon nou te mete nan yo.

29 Epi tou te gen yon bagay nouvo ki te ekri sou yo, ki te klè pou moun li, ki te ban nou "konpreyansyon konsènan fason Senyè a; li te ekri e li te chanje tanzantan daprè lafwa ak dilijans nou te mete ladan l. Epi konsa, nou te wè, avèk ^bti mwanyen Senyè a kapab fè gwo bagay.

30 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te ale sou tèt mòn nan daprè direksyon ki te ekri sou boul la.

31 Epi, se te konsa, m te touye bèt mawon, konsa m te jwenn manje pou fanmi nou yo.

32 Epi, se te konsa, m te retounen nan tant nou yo, m te pote bèt m te touye yo; e lè yo te wè m te jwenn manje, yo te kontan anpil! Epi, se te konsa, yo te gen imilite devan Senyè a e yo te remèsye l.

33 Epi, se te konsa, nou te kontinye vwayaj nou an, nou te vwayaje nan prèske menm wout nou te fè lè nou te kòmanse a; e apre nou te fin vwayaje pandan

anpil jou nou te plante tant nou yo ankò, pou nou te kapab rete pou kèk tan.

34 Epi, se te konsa, "Ismayèl te mouri, e li te antere nan kote ki te rele Naòm nan.

35 Epi, se te konsa, pitit fi Ismayèl yo te kriye anpil poutèt yo te pèdi papa yo, epi poutèt "afliksyon yo nan dezè a; e yo te plenyen kont papa m, paske li te mennen yo sòti nan peyi Jerizalèm nan, yo di konsa: Papa nou mouri; wi, e nou te pèdi anpil nan dezè a, e nou te soufri anpil afliksyon, grangou, swaf ak fatig; e apre tout soufrans sa yo nou dwe peri nan dezè a avèk grangou.

36 Epi se te konsa yo te plenyen kont papa m, e kont mwen; e yo te vle retounen Jerizalèm ankò.

37 Epi Laman te di Lemyèl ak pitit gason Ismayèl yo: Koute, annou "touye papa nou ak frè nou an, Nefi, ki pran dwa sou tèt pa l pou l tounen ^bdirijan nou ak enstriktè nou, nou menm ki se gran frè l yo.

38 Kounyeya, li di konsa Senyè a te pale avèk li, epi tou "zanj te desann vin sèvi l. Men, nou konnen li ban nou manti; li di nou bagay sa yo, e li fè anpil bagay nan mètdam, pou l kapab vegle je nou, li panse, petèt, li kapab mennen nou pèdi nan yon dezè etranje; epi apre li te fin mennen nou pèdi, li te vle fè tèt li wa ak

28a Alma 37:40.

GE Lafwa.

29a GE Konpreyansyon.

b 2 Wa 5:13;

Jak 3:4;

Alma 37:6-7, 41;

D&A 123:16.

34a 1 Ne. 7:2-6.

35a GE Advèsite.

37a 1 Ne. 17:44.

GE Ansasen.

b Jen. 37:9-11;

1 Ne. 2:22; 18:10.

38a 1 Ne. 3:30-31; 4:3.

dirijan sou tèt nou, pou l kapab trete nou jan l vle, daprè plèzi pa l. Epi se konsa Laman, frè m nan te souleve kè yo nan kòlè.

39 Epi, se te konsa, Senyè a te avèk nou, wi, menm vwa Senyè te vini e li te pale yo anpil pawòl, epi li te “reprimande yo anpil; e apre vwa Senyè a te fin reprimande yo, yo te voye kòlè yo a sou kote, e yo te tèlman repanti pou peche yo, Senyè a te beni nou ankò avèk manje, konsa nou pa t peri.

CHAPIT 17

Nefi resevwa kòmandman pou l konstwi yon bato—Frè l yo fè opozisyon—Li rakonte istwa relasyon Bondye avèk Izrayèl la pou l ka egzòte yo—Nefi ranpli ak pouvwa Bondye—Frè l yo te resevwa lòd pou yo pa t touche l, pou yo pa seche tankou yon wozo sèk. Anviwon 592–591 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, nou te kòmanse vwayaj nou nan dezè a ankò; e nou te vwayaje prèske nan direksyon lès depi lè sa a. Nou te vwayaje e nou te sibi anpil afliksyon nan dezè a; e madanm nou yo te fè pitit nan dezè a.

2 Epi, benediksyon Senyè a yo te tèlman sou nou, pandan nou t ap viv avèk vyann “kri nan dezè a, madanm nou yo te pwodwi anpil lèt pou pitit yo e yo te gen fòs, wi, tankou gason yo; e yo te kòmanse sipòte vwayaj la san plenyen.

3 Epi konsa, nou wè kòmand-

man Bondye yo dwe akonpli. Epi si pitit lèzòm “respekte kòmandman Bondye yo, li nourri yo, e li ranfòse yo, e li ba yo mwayen pou yo kapab akonpli bagay li te kòmande yo; se poutèt sa, li te ^bbannou mwayen pandan nou te rete nan dezè a.

4 Epi nou te rete pandan anpil ane, wi, menm pandan ywitan nan dezè a.

5 Epi nou te rive nan tè nou te rele Abondans la, poutèt anpil fwi ak myèl sovaj li te genyen; e Senyè a te prepare tout bagay sa yo pou nou te kapab pa peri. Epi nou te wè lanmè nou te rele Ireyantòm nan, ki vle di anpil dlo.

6 Epi, se te konsa, nou te plante tant nou bò lanmè a; e malgre nou te sibi anpil “afliksyon ak anpil difikilite, wi, tèlman anpil, nou pa kapab ekri yo tout, nou te kontan anpil lè nou te rive bò lanmè a; e nou te rele kote a Abondans poutèt anpil fwi li yo.

7 Epi, se te konsa, apre mwen menm Nefi, m te fin rete nan tè Abondans la pandan anpil jou, Senyè a te fè m tande vwa l, li te di: Leve, epi monte sou mòn nan. Epi, se te konsa, m te leve, epi m te monte sou mòn nan, e m te kriye nan pye Senyè a.

8 Epi, se te konsa, Senyè a te pale avèk mwen, li di: konstwi yon bato, daprè “jan m pral montre w la, pou m kapab fè pèp ou a travèse dlo sa yo.

9 Epi m te di: Senyè, ki kote m dwe ale pou m jwenn metal pou

39a GE Chatye, chatiman.
17 2a 1 Ne. 17:12.
3a Mozya 2:41;

Alma 26:12.
GE Obeyi, obeyisan,
obeyisans.

b 1 Ne. 3:7.
6a 2 Ne. 4:20.
8a 1 Ne. 18:2.

m fonn, pou m kapab fè zouti pou m konstwi bato a jan w te montre m nan?

10 Epi, se te konsa, Senyè a te di m ki kote pou m ale pou m jwenn metal, pou m kapab fè zouti.

11 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te fè yon vantay avèk po bèt pou m kapab soufle dife a, e apre m te fin fè yon vantay pou m te kapab soufle dife a, m te frape de wòch ansanm pou m te kapab limen dife.

12 Paske, jiskaprezan, Senyè a pa t kite nou limen anpil dife pandan nou t ap vwayaje nan dezè a; paske li te di: M ap fè manje nou gen bon gou, pou nou kapab pa "kuit li;

13 Epi tou m ap tounen limyè nou nan dezè a; e m ap "pre-pare chemen an devan nou, si nou respekte kòmandman m yo; se poutèt sa, si nou respekte kòmandman m yo, m ap dirije nou nan direksyon ^btè pwomiz la; e n ap "konnen se mwen ki dirije nou.

14 Wi, epi tou Senyè a te di konsa: Apre nou fin rive nan tè pwomiz la, n ap "konnen, mwen menm Senyè a m se ^bBondye; e mwen menm Senyè a, m te delivre nou anba destriksyon; wi, m te mennen nou sòti nan peyi Jerizalèm nan.

15 Se poutèt sa, mwen menm Nefi, m te eseye respekte kòmandman Senyè a yo, epi m te egzòte frè m yo pou yo gen la-fwa ak dilijans.

16 Epi, se te konsa, m te fè zouti avèk metal m te fonn nan wòch la.

17 Epi lè frè m yo te wè m t apral "konstwi yon bato, yo te kòmanse plenyen kont mwen, yo di: Frè nou an fou, paske li panse li kapab konstwi yon bato, wi, epi tou li panse li kapab travèse gwo dlo sa yo.

18 Epi se konsa frè m yo te plenyen kont mwen e yo pa t vle travay, paske yo pa t kwè m te kapab konstwi yon bato; ni tou yo pa t kwè Senyè a te enstwi m.

19 Kounyeya, se te konsa, mwen menm Nefi, m te gen anpil lapenn poutèt kè yo ki te di; epi lè yo te wè m kòmanse gen lapenn, yo te kontan nan kè yo tèlman, yo te "pase m nan betiz, yo te di: Nou te konnen ou pa t ap kapab konstwi yon bato, paske nou te konnen w pa gen ase konesans; se poutèt sa, w pa kapab akonpli yon gwo travay konsa.

20 Epi ou tankou papa nou, "imajinasyon fou kè l te pote l ale; wi, li te mennen nou sòti nan peyi Jerizalèm nan, epi nou te pèdi nan dezè a pandan anpil ane sa yo; epi madanm nou yo te travay di, pandan yo ansent, yo te fè pitit nan dezè a epi yo te soufri tout bagay, eksepte lanmò; epi li t ap pi bon si yo te mouri anvan yo te sòti nan peyi Jerizalèm nan, tan pou yo te soufri afliksyon sa yo.

21 Reyèlman, bann ane sa yo

12a 1 Ne. 17:2.

13a Alma 37:38–39.

b 1 Ne. 2:20;

Jakòb 2:12.

c Egz. 6:7.

14a 2 Ne. 1:4.

GE Temwayaj.

b D&A 5:2.

17a 1 Ne. 18:1–6.

19a GE Pèsekisyon,

pèsekite.

20a 1 Ne. 2:11.

nou te soufri nan dezè a pandan tan sa yo nou ta kapab jwi byen nou yo, ak peyi eritaj nou an; wi, epi nou ta kapab kontan.

22 Epi nou konnen pèp ki te nan peyi Jerizalèm nan se yon pèp ^ajis; paske yo te respekte règleman ak jijman Senyè a yo, epi tout kòmandman li yo dapre lalwa Moyiz la; se poutèt sa a, nou konnen yo se yon pèp ki jis; men papa nou te jije yo, epi li te fè nou pèdi paske nou te koute pawòl li yo; wi, e frè nou an tankou I. Epi se nan kalite langaj sa a frè m yo te plenyen e yo te plenyen kont nou.

23 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te pale avèk frè m yo, m di: Èske nou kwè zansèt nou yo, ki te pitit Izrayèl yo, te kapab sòti anba men Ejiptyen yo, si yo pa t koute pawòl Senyè a yo?

24 Wi, èske nou sipoze yo t ap kapab sòti anba esklavaj, si Senyè a pa t kòmande Moyiz pou l te ^amennen yo sòti nan esklavaj?

25 Kounyeya, nou konnen pitit Izrayèl yo te nan ^aesklavaj; e nou konnen yo te redi anba ^bchay, ki te lou pou moun pote; se poutèt sa a nou konnen yo te dwe sòti anba esklavaj.

26 Kounyeya, nou konnen Senyè a te kòmande ^aMoyiz pou

I fè gwo travay sa a; e nou konnen avèk ^bpawòl li, dlo Lanmè Wouj la te fann an de, e yo te travèse sou tè sèch la.

27 Men, nou konnen Ejiptyen yo ki te nan lame Farawon an, yo te nwaye anba Lanmè Wouj la.

28 Epi tou, nou konnen yo te resevwa ^alamàn kòm nouriti yo nan dezè a.

29 Wi, epi tou nou konnen Moyiz, avèk pawòl li, dapre pouvw Bondye ki te nan li, li te ^afrape wòch la, e dlo te sòti pou pitit Izrayèl yo te kapab pase swaf yo.

30 Epi malgre Senyè Bondye yo a, Redanmtè yo a, te dirije yo, li te mache devan yo, li te dirije yo lajounen e li te ba yo limyè nan nuit, e li te fè pou yo, tout bagay ki te ^anesesè pou lèzòm resevwa, yo te fè kè di e yo te twouble panse yo, e yo te ^brevòlte kont Moyiz ak vrè Bondye vivan an.

31 Epi, se te konsa, dapre pawòl li, li te ^adetwi yo; e dapre pawòl li, li te ^bdirije yo; e dapre pawòl li, li te fè tout bagay pou yo; e pa t gen okenn bagay ki te fèt san pawòl li.

32 Epi apre yo te fin travèse rivyè Jouden an, li te fè yo fò pou yo kapab ^achase pitit tè a, wi, pou yo dispèse yo jouk nan destriksyon.

22a 1 Ne. 1:13.

24a Egz. 3:2–10;

1 Ne. 19:10;

2 Ne. 3:9; 25:20.

25a Jen. 15:13–14.

^b Egz. 1:11; 2:11.

26a Tra. 7:22–39.

^b Egz. 14:21–31;

1 Ne. 4:2;

Mozya 7:19;

Ela. 8:11; D&A 8:3;

Moyiz 1:25.

28a Egz. 16:4, 14–15, 35;

Nonb 11:7–8;

Det. 8:3;

Mozya 7:19.

29a Egz. 17:6;

Nonb 20:11;

Det. 8:15;

1 Ne. 20:21.

30a D&A 18:18; 88:64–65.

^b Egz. 32:8;

Nonb 14:2–3;

Ezek. 20:13–16;

D&A 84:23–25.

31a Nonb 26:65.

^b 1 Ne. 5:15;

D&A 103:16–18.

32a Nonb 33:52–53;

Joz. 24:8.

33 Kounyeya, èske nou sipoze pitit tè sa a, ki te nan tè pwomiz la, zansèt nou yo te chase a, èske nou sipoze yo te jis? Gade, m di nou, Non.

34 Èske nou sipoze zansèt nou yo t ap pi beni pase yo si yo te jis? M di nou, Non.

35 Gade, Senyè a apresye tout ^akò fizik menm jan; yon moun ki ^bjis, Bondye ^cfavorize l. Men gade, pèp sa a te rejte tout pa-wòl Bondye e yo te pouri nan inikite; e totalite kòlè Bondye a te sou yo; e Senyè a te modi tè a kont yo; e li te beni l pou zansèt nou yo; wi, li te modi l kont yo pou destriksyon yo, e li te beni l pou zansèt nou yo, pou yo gen pouvwa sou li.

36 Gade, Senyè a te ^akreye ^btè a pou moun te kapab ^cabite sou li; e li te kreye pitit li yo pou yo te kapab mèt li.

37 Li ^aleve yon nasyon jis, e li detwi nasyon mechan yo.

38 Li dirije moun jis yo nan bon ^atè, e li ^bdetwi moun mechan yo, e li modi tè a pou yo, pou byen yo.

39 Li reye anlè nan syèl la, paske se twòn li, e tè sa a se ^amachpye li.

40 Epi li renmen moun ki chwazi l kòm Bondye yo. Gade,

li te renmen zansèt nou yo, e li te fè ^aalyans avèk yo, wi, menm Abraram, ^bIzarak, ak ^cJakòb; e li te sonje alyans li te fè yo; se poutèt sa li te mennen yo sòti nan peyi ^dEjip la.

41 Epi li te korije yo nan dezè a avèk baton li; paske yo te fè ^akè yo di tankou nou; e Senyè a te korije yo poutèt inikite yo. Li te voye ^bsèpan move ak zèl nan mitan yo; e apre sèpan yo te fin mòde yo li te prepare yon fason pou yo kapab ^cgeri; e travay yo te dwe fè, se te pou yo gade; e poutèt ^dsenplisite travay la, oubyen poutèt fasilite l, anpil te peri.

42 Epi yo te fè kè yo di tanzantan, e yo te ^arevòlte kont Moyiz epi tou kont ^bBondye tou; men, nou konnen pouvwa enkonparab li te dirije yo ale nan tè pwomiz la.

43 Epi kounyeya, apre tout bagay sa yo, yon lè te rive, yo te vin mechan, wi prèske pouri; e m pa konnen si yo prepare pou yo detwi kounyeya; paske m konnen jou a pral vini sètènman pou yo detwi, eksepte kèk sèlman ki prale pou tonbe nan kaptivite.

44 Se poutèt sa, Senyè a te ^akòmande papa m pou l te pati

35a Tra. 10:15, 34;
Wom. 2:11;
2 Ne. 26:23-33.

b Sòm 55:22;
1 Ne. 22:17.

c 1 Sam. 2:30;
Sòm 97:10; 145:20;
Alma 13:4;
D&A 82:10.

36a GE Kreyasyon, kreye.
b GE Tè.
c Eza. 45:18;

Abr. 3:24-25.

37a Pwov. 14:34;
1 Ne. 4:13; Etè 2:10;
D&A 117:6.

38a GE Tè pwomiz.

b Lev. 20:22.

39a Eza. 66:1;
D&A 38:17; Abr. 2:7.

40a GE Alyans Abraram.
b Jen. 21:12; D&A 27:10.
c Jen. 28:1-5.
d Det. 4:37.

41a 2 Wa 17:7-23.
b Nonb 21:4-9;
Det. 8:15;
Alma 33:18-22.

c Jan 3:13-15;
2 Ne. 25:20.
d Alma 37:44-47;
Ela. 8:15.

42a Nonb 14:1-12.
GE Rebelyon.
b D&A 84:23-24.
44a 1 Ne. 2:1-2.

al nan dezè a; epi tou Juif yo te vle detwi lavi l; wi, e ^bnou te vle detwi lavi l tou; se poutèt sa, nou se asasen nan kè nou e nou tankou yo.

45 Nou ^aprese pou nou fè inikite; men, lan pou nou sonje Senyè Bondye nou an. Nou te wè yon ^bzanj, e li te pale avèk nou; wi, e nou te tande vwa l tanzantan; e li te pale avèk nou avèk yon ti vwa dous, men nou te ^csan sansiblite, ki fè nou pa t kapab santi pawòl li yo; se poutèt sa li te pale avèk nou avèk yon vwa loray, ki te fè tèt a tranble, tankou li t apral divize fann ande.

46 Epi tou, nou konnen avèk ^apouvwa pawòl toupuisan li a, li kapab fè tèt a disparèt; wi, e nou konnen avèk pawòl li, li kapab fè kote ki gen douk yo vin plat e kote plat yo kapab vin fè douk. O, kounyeya, poukisa kè nou kapab di konsa?

47 Gade, nanm mwen dechire ak lapenn poutèt nou e kè m fè m mal; m pè pou l pa chase nou pou tout tan. Gade, m tèlman ^aranpli ak Lespri Bondye, kò m ^bpa gen fòs.

48 Epi, se te konsa, lè m te fin pale pawòl sa yo, yo te fache kont mwen, e yo te vle jete m nan pwofondè lanmè a; e lè yo te vini pou mete men yo sou mwen, m te pale avèk yo, m di: Nan non Bondye Toupuisan an, m kòmande nou pou nou pa

^atouche m, paske m ranpli avèk ^bpouvwa Bondye jistan kò m ta kapab konsonnen; epi nenpòt moun ki mete men sou mwen, l ap ^cseche tankou wozo; e l ap vin tankou anyen devan pouvwa Bondye a, paske Bondye ap frape l.

49 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te di yo konsa yo pa dwe plenyen ankò kont papa yo; ni tou yo pa t dwe refize travay pou mwen, paske Bondye te kòmande m pou m konstwi yon bato.

50 Epi m te di yo: ^aSi Bondye te kòmande m fè tout bagay, m t ap kapab fè yo. Si li ta kòmande m pou m ta di dlo sa a, tounen tèt, li t ap tounen tèt; e si m ta dwe di sa, li t ap fèt.

51 Epi kounyeya, si Senyè a te gen gran pouvwa sa a, e l te akonpli anpil mirak sa yo nan pami pitit lèzòm, kòman l fè pa kapab ^aenstwi m pou m ta konstwi yon bato?

52 Epi, mwen menm Nefi, m te tèlman di frè m yo anpil bagay, yo te nan konfizyon e yo pa t kapab revòlte kont mwen; ni tou yo pa t pran chans mete men yo sou mwen, ni touche m avèk dwèt yo pou anpil jou. Yo pa t pran chans fè sa pou yo pa t seche devan m, tèlman ^aLespri Bondye a te gen pouvwa; e se konsa li te enfluyanse yo.

53 Epi, se te konsa, Senyè a te di m: Lonje men w ankò devan

44b 1 Ne. 16:37.

45a Mozya 13:29.

b 1 Ne. 4:3.

c Efe. 4:19.

46a Ela. 12:6-18.

47a Miche 3:8.

b 1 Ne. 19:20.

48a Mozya 13:3.

b 2 Ne. 1:26-27.

GE Pouvw.

c 1 Wa 13:4-7.

50a Filip. 4:13;

1 Ne. 3:7.

51a Jen. 6:14-16;

1 Ne. 18:1.

52a GE Sentespri.

frè w yo, epi yo p ap seche devan w, men m ap souke yo, e Senyè a te di, m ap fè sa a pou yo kapab konnen m se Senyè Bondye yo a.

54 Epi, se te konsa, m te lonje men m devan frè m yo, e yo pa t seche devan m; men Senyè a te souke yo, daprè pawòl li te pale a.

55 Epi apre sa a, yo te di: Nou konnen sètènman Senyè avèk w, paske nou konnen se pouvw a Senyè a ki te souke nou. Yo te tonbe devan m e yo ta pral "adore m men m pa t kite yo fè sa a, m di: M se frè nou, wi, mwen menm se ti frè w; se poutèt sa, adore Senyè Bondye nou an, epi onore papa w ak manman w, pou ^bjou nou yo kapab pwolonje nan peyi Senyè Bondye nou an pral ba nou an.

CHAPIT 18

Bato a fini—Yo mansyone nesans Jakòb ak Jozèf—Gwoup la anbake pou yo ale nan tè pwomiz la—Pitit gason Ismayèl yo ak madanm yo mete ansanm nan jwisans ak rebelyon—Yo mare Nefi, e yon tanpèt terib pouse bato a deyè—Nefi gen libète, e avèk priyè l siklòn nan sispann—Pèp la rive nan tè pwomiz la. Anviwon 591–589 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, yo te adore Senyè a, yo te avanse avèk mwen; epi nou te prepare planch avèk yon abilite ekstraòdinè. E Senyè a te montre m tanzantan

kòman pou m prepare planch pou bato a.

2 Mwen menm Nefi, m pa t prepare planch yo daprè fason lèzòm te aprann mwen, ni tou m pa t konstwi bato a daprè fason lèzòm; men m te konstwi l daprè fason Senyè a te montre m; se poutèt sa, se pa t nan fason lèzòm.

3 Epi mwen menm Nefi, m te ale sou mòn nan souvan, epi m te "priye Senyè a souvan; se poutèt sa Senyè a te ^bmontre m gran bagay.

4 Epi, se te konsa, lè m te fini bato a, daprè pawòl Senyè a, frè m yo te wè li te bon, e travay la te rafine anpil; se poutèt sa yo te gen "imilite ankò devan Senyè a.

5 Epi, se te konsa, vwa Senyè a te fè papa m tandè l, li te di l nou te dwe leve pou nou desann nan bato a.

6 Epi, se te konsa, nan demen, apre nou te fin prepare tout bagay, anpil fwi ak "vyann ki te sòti nan dezè a, ak abondans siwo myèl, ak pwovizyon daprè sa Senyè a te kòmande nou, nou te desann nan bato a avèk tout chay nou yo ak semans, ak tout bagay nou te pote avèk nou, chak moun, daprè laj li; e nou tout te desann nan bato a, avèk madanm nou e avèk pitit nou.

7 Epi, papa m te fè de pitit gason nan dezè a; pi gran an te rele "Jakòb epi pi piti a te rele ^bJozèf.

8 Epi, se te konsa, apre nou tout te fin desann nan bato a, e lè

55a Tra. 14:11–15.

b Egz. 20:12;
Mozya 13:20.

18 3a GE Priyè.

b GE Revelasyon.
4a 1 Ne. 16:5.

6a 1 Ne. 17:2.

7a 2 Ne. 2:1.
b 2 Ne. 3:1.

nou te fin pran pwovizyon nou yo ak bagay nou te resevwa kòmandman pou nou te pran yo, nou te fè vwal sou ^alanmè a epi van an te pouse nou nan direksyon ^btè pwomiz la.

9 Epi apre van an te fin pouse nou devan l pou anpil jou, frè m yo ak pitit gason Ismayèl yo ak madanm yo te kòmanse banboche tèlman, yo te kòmanse danse, chante e pale lèd, wi, yo te menm bliye ki pouvwa ki te mennen yo la; wi, yo te vin gwo-sye anpil.

10 Epi mwen menm Nefi, m te kòmanse pè anpil pou Senyè a pa t fache kont nou, e pou l pa t frape nou poutèt inikite nou, pou nou pa t anglouti nan pwofondè lanmè a; se poutèt sa, mwen menm Nefi, m te kòmanse pale avèk yo seryezman; men yo te ^afache kont mwen, yo di: Nou p ap aksepte pou ti frè nou an tounen yon ^bdirijan sou tèt nou.

11 Epi, se te konsa, Laman ak Lemyèl te pran m epi yo te mare m avèk kòd, epi yo te trete m avèk anpil vyolans; se poutèt sa Senyè a te ^akite yo fè sa pou l te kapab montre pouvwa l, pou l te kapab akonpli pawòl li te pale konsènan mechan yo.

12 Epi, se te konsa, apre yo te fin mare m pou m pa t kapab fè mouvman, ^akonpa Senyè a te prepare a te sispann travay.

13 Se poutèt sa, yo pa t konnen ki kote pou yo vire bato a, e yon gwo siklòn te leve, wi, yon gwo tanpèt terib, e nou te ^afèbak sou dlo a pandan twa jou; e yo te kòmanse vin pè anpil pou yo pa t nwaye anba lanmè a; malgre sa, yo pa t demare m.

14 Epi katriyèm jou nou te fè bak la, tanpèt la te kòmanse vin move anpil.

15 Epi, se te konsa, nou t apral anglouti nan pwofondè lanmè a. Epi apre nou te fin fè bak sou dlo yo pandan kat jou, frè m yo te kòmanse ^awè jijman Bondye yo te sou yo, e yo dwe peri si yo pa t repanti nan inikite yo; se poutèt sa yo te vin bò kote m epi yo te demare kòd yo ki te mare ponyèt mwen yo, e yo te anfle anpil; e jwenti pye m yo te anfle anpil tou, e yo te fè m mal anpil.

16 Men, m te leve tèt bay Bondye m nan, e m te ^alouwe l tout lajounen; epi m pa t plenyen kont Senyè a poutèt aflikasyon m yo.

17 Kouneyeya, papa m, Leyi, te di yo ak pitit gason ^aIsmayèl yo anpil bagay; men yo te pwononse anpil menas kont tout moun ki t ap pale pou mwen; epi paran m yo te koube anba laj, e yo te soufri anpil doulè poutèt pitit yo, yo te desann nèt, wi, yo pran kabann pou malad.

18 Poutèt doulè ak anpil lapenn yo, ak inikite frè m yo, yo te prèske pare pou yo mouri

8a 2 Ne. 10:20.

b 1 Ne. 2:20.

GE Tè pwomiz.

10a 1 Ne. 17:17-55.

b Jen. 37:9-11;

1 Ne. 16:37-38;

2 Ne. 1:25-27.

11a Alma 14:11.

12a 1 Ne. 16:10, 16, 26;

2 Ne. 5:12;

Alma 37:38-47;

D&A 17:1.

13a Mozya 1:17.

15a Ela. 12:3.

16a Alma 36:28.

17a 1 Ne. 7:4-20.

al rankontre Bondye yo a; wi, cheve gri yo te pare pou repoze nan pousyè a, wi, yo menm te pare pou desann avèk lapenn nan yon tonb dlo.

19 Epi Jakòb ak Jozèf, ki te jèn, ki te bezwen anpil nouriti, yo te tris poutèt afliksyon manman yo; madanm “mwen avèk kriye ni avèk priye l yo, ni pitit mwen yo pa t kapab touche kè frè m yo ni pou yo ta demare m.

20 Epi pa t gen anyen, eksepte pouvwa Bondye, ki te menase pou l detwi yo, ki ta kapab touche kè yo; se poutèt sa, lè yo te wè yo t apral anglouti nan pwofondè lanmè a, yo te tèlman repanti nan bagay yo te fè yo, yo te demare m.

21 Epi, se te konsa, apre yo te fin demare m, m te pran konpa a epi li te travay jan m te vle a. Epi, se te konsa, m te priye Senyè a; e apre m te fin priye, van an te sispann e siklòn nan te sispann e te gen yon gran kalmi.

22 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te dirije bato a, konsa, nou te fè vwal ankò nan direksyon tè pwomiz la.

23 Epi, se te konsa, apre nou te fè vwal pandan anpil jou, nou te rive nan tè pwomiz la; nou te ale sou tè a, nou te plante tant nou yo e nou te rele l ^atè pwomiz la.

24 Epi, se te konsa, nou te kòmanse kiltive tè a, nou te kòmanse plante semans; wi, nou te mete tout semans nou yo andedan tè a, semans nou te pote sòti nan peyi Jerizalèm nan.

Epi, se te konsa, yo te grandi anpil; se poutèt sa nou te beni annabondans.

25 Epi, se te konsa, nou te wè sou tè pwomiz la, pandan nou t ap vwayaje nan dezè a, te gen tout kalite bèt, vach ak towò bèf, bourik ak cheval, kabrit ak kabrit mawon, ak tout kalite bèt sovaj, pou sèvis lèzòm. Epi, se te konsa, nou te jwenn tout kalite melanj metal; lò ak lajan ak kuiv.

CHAPIT 19

Nefi fè plak avèk metal, e li anrejistre istwa pèp li a—Bondye Izrayèl la pral vini nan sissan ane apre Leyi fin kite Jerizalèm—Nefi pale konsènan soufrans ak krisifiksyon Li—Moun pral rayi Juif yo, e yo pral dispèse jis nan dènye jou yo, lè yo retounen vin jwenn Senyè a. Anviwon 588–570 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, Senyè a te kòmande m, se poutèt sa m te fè plak avèk metal, pou m kapab ekri istwa pèp mwen an sou yo. Epi, sou “plak mwen te fè yo, m te ekri istwa ^bpapa m, ak vwayaj nou nan dezè a tou ak pwofesi papa m yo; epi m te ekri anpil nan pwofesi pa m yo.

2 Epi, lè m t ap fè lòt plak yo, m pa t konnen si Senyè a t apral kòmande m pou m fè “plak sa yo; konsa, istwa papa m ak jeneralaj zansèt li yo ak pi gran pa ti nan tout aktivite nou nan dezè a, te ekri sou premye plak sa yo m te pale a; se poutèt sa, bagay ki te pase anvan m te fè ^bplak sa yo, m te vrèman mansyone

19a 1 Ne. 7:19; 16:7.
23a GE Tè pwomiz.

19 1a GE Plak.
b 1 Ne. 1:16–17; 6:1–3.

2a 2 Ne. 5:30.
b 1 Ne. 9:1–5.

yo, pi patikilyèman sou premye plak yo.

3 Epi, apre m te fin fè plak sa yo dapre kòmandman an, mwen menm Nefi, m te resevwa yon kòmandman pou ministè a, pwofesi yo, pati ki pi klè e ki pi presye yo ta dwe ekri sou “plak sa yo; e bagay ki te ekri yo ta dwe konsève pou enstriksyon pèp mwen an, ki pral posede tè sa a e pou lòt rezon ki ^bsaj, rezon Senyè a konnen.

4 Se poutèt sa, mwen menm Nefi, m te ekri sou lòt rejis yo ki gen istwa, oubyen ki gen yon pi gran istwa konsènan lagè ak kontansyon ak chirepit pèp mwen an. M te fè sa, e m te kòmande pèp mwen an sa yo te dwe fè apre m te fin ale; e plak sa yo dwe pase nan men yon jenerasyon al nan men yon lòt, oubyen nan men yon pwofèt al nan men yon lòt, jistan Senyè a bay lòt kòmandman.

5 Epi, m pral bay istwa konsènan lè m te “fè plak sa yo pita; e apre sa, m te kontinye dapre sa m te pale a; e m te fè sa pou bagay ki pi sakre yo kapab ^bkonsève pou konesans pèp mwen an.

6 Men, m pa ekri anyen sou

plak sa yo si m pa panse li “sakre. Epi kounyeya, si m fè erè, tankou moun lontan yo te fè erè; pa paske m vle eskize tèt pa m, poutèt lòt moun, men, poutèt ^bfeblès ki nan mwen dapre kò fizik la, m vle eskize tèt mwen.

7 Paske bagay kèk moun bay anpil valè pou kò a ak nanm nan, lòt moun pa pran l pou “anyen e yo pilonnen l anba pye yo. Wi, lèzòm ^bpilonnen menm Bondye Izrayèl la anba pye yo; m di pilonnen anba pye yo, men m t apale yon lòt fason—yo pa pran l pou anyen, e yo pa koute konsèy li yo.

8 Epi, gade dapre pawòl zanj la, l ap “vini nan ^bsissan ane apre papa m te fin kite Jerizalèm.

9 Epi, poutèt inikite lèzòm, yo pral jije l tankou yon bagay san valè; se poutèt sa, yo bat li, li pa di anyen; yo frape l, e li pa di anyen. Wi, yo “krache sou li, li akseptè sa poutèt amou sansib li, ak rezistans li genyen pou byen pitit lèzòm.

10 Epi, “Bondye zansèt nou yo, ki te fè yo ^bsòti nan Ejip, nan esklavaj, e ki te prezève yo nan dezè a, wi “Bondye Abraram ak Izarak ak Bondye Jakòb la te “livre tèt li dapre pawòl zanj la

3a Jakòb 1:1–4; 3:13–14;
4:1–4.

b 1 Ne. 9:4–5;
P—M 1:7;
D&A 3:19–20;
10:1–51.

5a 2 Ne. 5:28–33.

b GE Ekriti yo—Ekriti
ki dwe prezève.

6a Gade nan Paj tit Liv
Mòm an.

GE Sen (adj).
b Mòm. 8:13–17;

Etè 12:23–28.

7a 2 Ne. 33:2;

Jakòb 4:14.

b GE Rebelyon.

8a GE Jezikri—Pwofesi
konsènan nesans
ak lanmò Jezikri.

b 1 Ne. 10:4;

2 Ne. 25:19.

9a Eza. 50:5–6;

Mat. 27:30.

10a 2 Ne. 26:12;

Mozya 7:27;

27:30–31;

Alma 11:38–39;

3 Ne. 11:14–15.

b Egz. 3:2–10; 6:6;

1 Ne. 5:15;

D&A 136:22.

c Jen. 32:9;

Mozya 7:19;

D&A 136:21.

GE Jewova.

d GE Ekspyasyon,
ekspye.

tankou yon nonm nan men mechan yo, pou yo ^eleve l sou kwa a, dapre pawòl ^fZenòk yo, e pou yo te ^gkrisifye l dapre pawòl Neyòm yo, pou yo antere l nan yon ^htonb, dapre pawòl ⁱZenòs yo, pawòl Zenòs te pale konsènan twa jou ^jtenèb ki t ap reprezante yon siy konsènan lanmò l pou moun ki rete nan zile yo ki nan lanmè a, pi espesyalman pou moun yo ki fè pati nan ^kkay Izrayèl la.

11 Men jan pwofèt la te pale: Sètènman, Senyè Bondye a pral ^avizite tout kay Izrayèl la nan jou sa a, pou kèk moun, se vwa l yo pral tande poutèt lajistis yo, pou yo kapab gen anpil lajwa, e pou yo sove; pou lòt, pouvwa l pral parèt nan ^bloraj ak zeklè, ak tanpèt, ak dife ak lafimen, ak vapè ^ctenèb, epi ^dtè a pral louvri epi ^emòn yo pral deplase.

12 Pwofèt ki rele ^aZenòs la di konsa, ^btout bagay sa yo dwe rive sètènman, e ^cwòch ki nan tè yo dwe fann; e poutèt tranbleman tè a, Lespri Bondye pral desann sou anpil nan wa ki rete nan zile yo ki nan lanmè a, e yo pral deklare: Bondye ki anlè a ap soufri.

13 Epi, pwofèt la di konsa, moun ki nan Jerizalèm yo menm, tout moun pral ^achatye yo poutèt yo ^bkrisifye Bondye Izrayèl la, e poutèt yo detounen kè yo pou yo kapab repouse siy ak mirak ak pouvwa, ak laglwa Bondye Izrayèl la.

14 Epi, pwofèt la di konsa, poutèt yo detounen kè yo, yo ^ameprize Sen Izrayèl la, yo pral tonbe pasi-pala avèk kò fizik la, yo pral peri, yo pral tounen yon ^bderizyon ak yon ^cdegoutans e moun pral rayi yo nan pami tout nasyon.

15 Men, pwofèt la di gen yon jou k ap vini, lè yo ^asispann detounen kè yo kont Sen Izrayèl la, lè sa a li pral sonje ^balyans li te fè avèk zansèt yo.

16 Wi, Senyè a di konsa, lè sa a, li pral sonje ^azile yo ki nan lanmè a; e wi, m pral ^brasanble tout moun yo ki fè pati nan kay Izrayèl la ki nan kat kwen tè a, dapre pawòl pwofèt Zenòs yo.

17 Epi, pwofèt la di, wi, tout tè a pral ^awè sali Senyè a; tout nasyon, tout fanmi, tout lang, tout pèp pral beni.

18 Epi, mwen menm Nefi, m te

10e 3 Ne. 27:14.

f Alma 33:15; 34:7;
Ela. 8:19-20;

3 Ne. 10:15-16.

gE Ekriti yo—Ekriti pèdi yo;

Zenòk.

g 2 Ne. 6:9;

Mozya 3:9.

gE Krisifiksyon.

h Mat. 27:60;

Lik 23:53;

2 Ne. 25:13.

i Jakòb 6:1;

Ela. 15:11.

gE Zenòs.

j 1 Ne. 12:4-5;

Ela. 14:20, 27;

3 Ne. 8:3, 19-23; 10:9.

k 3 Ne. 16:1-4.

11a 3 Ne. 9;

D&A 5:16.

b Ela. 14:20-27;

3 Ne. 8:5-23.

c Lik 23:44-45;

3 Ne. 8:19-20.

d 2 Ne. 26:5.

e 3 Ne. 8:10.

12a Ela. 14:20-28.

b Jakòb 5:1.

c Mat. 27:51.

13a Lik 23:27-30.

b 2 Ne. 10:3.

14a Eza. 53:3-6;

Mozya 14:3-6.

b gE Juif yo.

c Det. 28:37;

1 Wa 9:7;

3 Ne. 16:9.

15a 1 Ne. 22:11-12.

b gE Alyans Abraram.

16a 1 Ne. 22:4;

2 Ne. 10:21.

b Eza. 49:20-22.

gE Izrayèl—

Rasanbleman

Izrayèl la.

17a Eza. 40:4-5.

ekri bagay sa yo pou pèp mwen an, petèt m ta kapab pèsyade yo pou yo ta sonje Senyè a, Redanmtè yo a.

19 Se poutèt sa, m pale avèk tout kay Izrayèl la, anka yo ta resevwa ^abagay sa yo.

20 Paske, m tèlman reflechi konsènan moun ki nan Jerizalèm yo, lespri m fatige e menm tout jwenti m yo fèb; paske si Senyè a pa t gen mizèrikòd, pou l te montre m konsènan yo, menm jan avèk ansyen pwofèt yo, m t ap peri tou.

21 Sètènman, li te montre ^apwofèt lontan yo tout bagay ^bkonsènan pèp Izrayèl la, e gen anpil, li te pale konsènan nou, se poutèt sa, li nesesè pou nou konnen konsènan yo menm paske yo ekri sou plakderen yo.

22 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te ansenye frè m yo bagay sa yo; e, se te konsa, m te li anpil nan bagay ki te ekri sou ^aplakderen yo pou yo kapab konnen sa Senyè a ap fè nan lòt peyi, nan pami ansyen pèp yo.

23 Epi, m te li anpil bagay ki te ekri nan ^aliv Moyiz yo pou yo; men, pou m ta kapab pèsyade yo plis pou yo kwè nan Senyè a, Redanmtè yo a, m te li sa pwofèt ^bEzayi te ekri yo pou yo; Se poutèt sa, m te ^ckonpare tout ekriti yo avèk lavi nou pou nou kapab ^apwofite ak aprann.

24 Se poutèt sa, m te pale avèk yo, m te di: Tande pawòl pwofèt la, nou menm ki se yon rès nan kay Izrayèl la, yon ^abranch ki te kase; tandè pawòl pwofèt la, ki te ekri pou tout kay Izrayèl la, e konpare yo avèk lavi w, pou nou kapab gen espwa ansanm avèk frè nou yo, ki te separe avèk nou yo; se konsa pwofèt la te ekri.

CHAPIT 20

Senyè a revele objektif Li bay Izrayèl—Izrayèl te chwazi nan founèz afliksyon epi li gen pou l sòti nan Babilòn—Konpare avèk Ezayi 48. Anviwon 588–570 ANVAN JEZIKRI.

KOUTE epi tandè, O kay Jakòb la, nou menm ki pote non Izrayèl, ki sòti nan dlò Jida yo oubyen nan dlo ^abatèm nan, ki sèmante sou non Senyè a, ki mansyone non Bondye Izrayèl la, men yo pa sèmante nan laverite ni nan lajistis.

2 Malgre yo di yo fè pa ti nan ^avil sen an, yo pa apiye sou Bondye Izrayèl la, ki se Senyè tout Lame yo; wi, non li se Senyè tout Lame yo.

3 Gade, m te deklare ^abagay ki te pase yo depi nan kòmansman; e yo te sòti nan bouch mwen, e m te montre yo. M te montre yo briskeman.

4 Epi, m te fè sa paske m te konnen tèt ^anou di, e kou nou se

19a Enòs 1:16;
Mòm. 5:12; 7:9–10.

21a 2 Wa 17:13;
Amòs 3:7.
GE Pwofèt.

b 3 Ne. 10:16–17.

22a 1 Ne. 22:1.

23a Egz. 17:14;

1 Ne. 5:11;
Moyiz 1:40–41.

b 1 Ne. 15:20;
2 Ne. 25:4–6;
3 Ne. 23:1.

c GE Ekriti yo—
Valè ekriti yo.

d 2 Ne. 4:15.

24a Jen. 49:22–26;
1 Ne. 15:12;

2 Ne. 3:4–5.

20 1a GE Batèm, batize.

2a Eza. 52:1.

GE Jerizalèm.

3a Eza. 46:9–10.

4a svd Izrayèl.

yon baton fè, e fon nou fèt avèk eren;

5 Epi, depi nan kòmansman m te deklare nou, anvan sa pase m te montre nou yo; e m te montre nou yo pou nou kapab pa di—^a“zidòl mwen an te fè yo, e imaj taye m nan ak imaj metal mwen an te kòmmande yo.

6 Nou te wè epi nou te tande tout bagay sa yo; e nou pa vle deklare yo? Epi m te montre nou nouvo bagay depi lè sa, a menm bagay ki te kache, e nou pa t konnen yo.

7 Se kounyeya yo kreye, se pa depi nan kòmansman, menm anvan jou w pa t tande yo a, yo te deklare yo, pou pa di—M te deja konnen yo.

8 Wi, w pa t tande; wi, pa t konnen; wi, depi lè sa a, zòrèy w pa t louvri; paske m te konnen anpil w ta pral fè koken, e w te yon ^a“transgresè depi nan vant.

9 Men, pou respè ^a“non pa m, m poko ap move, e pou onè pa m, m ap retire kò m bò kote w, pou m pa rejte w devan m.

10 Paskè gade, m te rafine w, m te chwazi w nan flanm dife ^a“aflikasyon.

11 Pou pwòp tèt pa m, wi, pou tèt pa m, m ap fè sa, paske, m p ap kite ^a“non mwen sal, e m ^bp ap bay yon lòt moun laglwa m nan.

12 Koute mwen, O Jakòb ak

Izrayèl m te bay apèl la, paske m se; m se ^a“premye a, epi m se dènye a tou.

13 Se men pa m ki te ^a“fè fondasyon tè a tou, e men dwat mwen te mezire syèl la. M rele yo, e yo kanpe ansanm.

14 Tout moun, rasanble w e tande; kiyès nan pami yo ki te deklare yo bagay sa yo? Senyè a te renmen l; wi, e pawòl li te fè yo deklare yo, l ap ^a“akonpli yo; e l ap fè sa li vle avèk ^bBabilòn, e ponyèt li pral vini sou Kaldeyen yo.

15 Men sa Senyè a di tou: Mwen menm Senyè a, m te pale; wi, m te chwazi l pou deklare, m te mennen li, e l ap fè chemen l pwospere.

16 Vini tou prè mwen; m pa t pale an ^a“kachèt; depi nan kòmansman, depi lè anons la te fin fèt, m te pale; e Senyè Bondye a ak Lespri l, te voye m.

17 Men sa Senyè a, ^a“Redanmtè an, Sen Izrayèl la di: m te voye l, Senyè Bondye nou an ki ansenye nou pou nou pwofite, ki ^bkondi nou nan chemen nou dwe ale, se li ki te fè sa.

18 O, si nou te koute ^a“komandanman m yo—lapè nou t ap tankou yon rivyè, e lajistis nou t ap tankou vag lanmè yo.

19 ^a“Desandan w yo t ap tankou sab yo; pitit nan vant w t ap

5a GE Idolatri.

8a Sòm 58:3.

9a 1 Sam. 12:22;

Sòm 23:3;

1 Jn. 2:12.

10a GE Advèsite.

11a Jer. 44:26.

b Eza. 42:8;

Moyiz 4:1-4.

12a Apok. 1:17; 22:13.

GE Alfa ak Omega;

Premye ne,

premyene.

13a Sòm 102:25.

GE Kreyasyon, kreye.

14a 1 Wa 8:56;

D&A 64:31; 76:3.

b GE Babèl, Babilòn.

16a Eza. 45:19.

17a GE Redanmtè.

b GE Enspirasyon,

enspire;

Revelasyon.

18a Ekl. 8:5.

19a Jen. 22:15-19;

Oze 1:10.

tankou grenn sab; non l pa t dwe rejte ni detwi devan m.

20 “Sòti nan Babilòn, sove nan mitan Kaldeyen yo, deklare avèk yon vwa mizikal, di sa, pale avèk ekstremitè latè a; di konsa: Senyè a te rachte Jakòb, ^bsèvitè li a.

21 Epi, yo pa t ^aswaf; li te dirije yo nan dezè yo; li te fè dlo sòti nan ^bwòch la pou yo; li te fann wòch la tou epi dlo te jayi sòti.

22 Epi, malgre l te fè tout bagay sa yo ak lòt pi gwo bagay ankò, Senyè a di, pa gen ^alapè pou mechan yo.

CHAPIT 21

Mesi a pral yon limyè pou Janti yo, e li pral libere prizonnye yo—Izrayèl pral rasanble avèk pouvwa nan dènye jou yo—Wa a pral sèvi yo kòm papa pou nourri yo—Konpare ak Ezayi 49. Anviwon 588–570 ANVAN JEZIKRI.

EPI, ankò: Koute, O, w menm kay Izrayèl la, tout moun ki rache e ki chase poutèt mechanste pastè pèp mwen yo fè; wi, tout moun ki chase e ki dispèse lòtbò dlo, ki fè pati nan pèp mwen an, O, kay Izrayèl la. Tande m, O, ^azile yo, e tandè tout pèp mwen ki rete ^blwen anpil, Senyè a te chwazi m depi nan vant; li te rele m depi nan zantray manman m.

2 Epi, li te fè bouch mwen tan-

kou yon epe file; li te kache m nan lonbraj pla men l, e li te fè m tounen yon flèch poli; li te kache m nan bwat li;

3 Epi, li te di m: O Izrayèl, w se ^asèvitè ki gen pou ban m la-glwa.

4 Apre, m te di; m te travay pou anyen, m te gaspiye fòs mwen pou anyen e anven; m konnen se Senyè a k ap jije m e travay mwen ak Bondye m nan.

5 E kounyeya, Senyè ki te ^afòme m nan vant manman m pou m te kapab sèvi l la, pou m te kapab fè Jakòb retounen vin jwenn li ankò—menm si Izrayèl pa rasanble, m ap glorifye devan je Senyè a, e m ap jwenn fòs nan Bondye m nan.

6 Epi, li te di: Se pa anyen si w ta tounen sèvitè m pou w leve ^atribi Jakòb yo e restore moun ki prezève nan Izrayèl yo. M ap mete w tankou yon ^blimyè pou ^cJanti yo pou w kapab reprezante sali m tout kote sou tè a.

7 Senyè a, Redanmtè Izrayèl la, Sen an, di, pou moun lèzòm meprize a, pou moun nasyon yo deteste a, pou sèvitè gouvenè yo: Wa yo pral wè e yo pral kanpe, prens yo pral adore tou, poutèt fidelite Senyè a.

8 Senyè a di: Nan yon tan akseptab, nou menm zile yo ki nan lanmè a, m te tandè nou, e nan jou pou m te sove nou an, m te ede nou; e m ap prezève nou, e

20a Jer. 51:6;
D&A 133:5–14.
b Eza. 44:1–2, 21.
21a Eza. 41:17–20.
b Egz. 17:6;
Nonb 20:11;
1 Ne. 17:29;

2 Ne. 25:20.
22a GE Lapè.
21 1a 1 Ne. 22:4;
2 Ne. 10:20–22.
b D&A 1:1.
3a Lev. 25:55;
Eza. 41:8;

D&A 93:45–46.
5a Eza. 44:24.
6a GE Izrayèl—Douz
tribi Izrayèl yo.
b D&A 103:8–10;
Abr. 2:10–11.
c 3 Ne. 21:11.

m ap ba nou sèvitè “m nan kòm alyans pou pèp la, pou tabli tè a, pou eritaj ki te pèdi yo kapab jwenn mèt yo ankò;

9 Pou nou kapab di “prizonnye yo: Ale; pou kapab di moun ki chita nan ^bfènwa yo: Montre tèt nou. Y ap manje nan wout la e ^cpatiraj yo ap tout kote anlè.

10 Yo p ap ni grangou, ni swaf; yo p ap cho, ni tou, solèy la p ap boule yo; paske moun ki gen mi-zèrikòd pou yo a pral dirije yo, e li pral mennen yo kote ki gen dlo fre.

11 Epi, m pral fè wout sou tout mòn mwen yo e “wout laj mwen yo pral egzalte.

12 Epi, O kay Izrayèl la, “moun sa yo pral sòti lwen; e gen lòt ki pral sòti nan nò ak nan lwès; e genyen ki pral sòti nan kote ki rele Sinim.

13 O, syèl yo la, “chante; O tè a, fè kè nou kontan; paske moun yo ki nan kote lès la pral pran pye; O mòn yo, louvri bouch pou nou chante paske yo p ap sibi chatiman ankò, paske Senyè te rekonfòte pèp li, e l ap gen mi-zèrikòd pou moun pa li yo ki nan aflikasyon an.

14 Men gade, Siyon te di: Senyè a te abandone m e Senyè m nan te bliye m—men l ap pwouve yo lekotrè.

15 Paske, èske yon “manman ta kapab bliye pitit li ki nan tete, pou l pa ta gen konpasyon pou

pitit gason ki nan vant li? Wi, yo kapab ^bbliye, men, mwen, O kay Izrayèl la, m p ap bliye nou.

16 Gade wè, m te grave w nan “pla men m; tout tan, je m sou miray w yo.

17 Pitit w yo pral kouri avèk tout vitès dèyè ènmi w yo; e moun ki te “ravaje ou yo pral retire kò yo bò kote ou.

18 Leve je w tounpa tou pou w gade; tout moun sa yo “rasanble ansanm e yo pral vin jwenn w. Epi, Senyè a di konsa, menm jan m vivan an, ou pral pran yo tout fè rad pou mete sou w tankou yon dekorasyon, e w pral mare ren w tankou yon lamarye.

19 Paske, dezè w yo ak peyi abandone w yo pral twò piti pou kantite moun y ap vin genyen; e moun ki t ap devore w yo pral voye kò yo lwen w.

20 Lè w fin pèdi premye pitit ou yo, lòt pitit ou pral genyen yo pral di ou nan zòrèy: Kote sa a twò etwat pou mwen, ban m kote pou m kapab laji kò m.

21 Lè sa a, “ou pral di nan kè w: Kiyès ki te fè pitit yo pou mwen; èske m pa t pèdi pitit mwen yo, èske m pa ^babandone, èske m pa nan kaptivite, epi èske m p ap mache pasipala? Kiyès ki te elve sa yo? M konnen m te pou kont mwen; kote sa yo te ye?

22 Men sa Senyè Bondye a di: Gade m pral louvri bra m bay “Janti yo; e m pral leve ^bdrapo m

8a 2 Ne. 3:6–15;

3 Ne. 21:8–11;

Mòm. 8:16, 25.

9a GE Sali pou mò.

b 2 Ne. 3:5.

c Ezek. 34:14.

11a Eza. 62:10;

D&A 133:23–32.

12a Eza. 43:5–6.

13a Eza. 44:23.

15a GE Fi, fi yo.

b Eza. 41:17;

Alma 46:8;

D&A 61:36.

16a Zak. 13:6.

17a 3 Ne. 21:12–20.

18a Miche 4:11–13.

21a SVD Siyon.

b Eza. 54:1; Gal. 4:27.

22a Eza. 66:18–20.

b Eza. 11:12; 18:3.

pou pèp yo. Epi, yo pral pote pitit gason w yo sou 'bra yo, pitit fi w yo pral sou zèpòl yo.

23 Epi, "wa yo pral sèvi w ^btan-kou papa pou nouru w, rèn yo pral mete manje nan bouch ou; yo pral bese tèt devan w avèk figi yo nan direksyon tè a, e yo pral niche pousyè nan pye w; ou pral konnen m se Senyè a, paske moun k ap 'tann mwen yo p ap wont.

24 Paske èske yo kapab sezi prizonye nan men yon nonm puisan; oubyen èske yo kapab libere yon prizonye "lalwa kon-dane?

25 Men, Senyè a di konsa, moun puisan pral pèdi prizonye l; e tiran yo pral pèdi sa yo te pran; paske m pral goumen ak moun ki goumen avèk ou, e m pral sove pitit ou yo.

26 Moun ki maltrete ou, m ap fè yo "manje chè ki sou kò pa yo; y ap sou avèk san pa yo tankou moun ki bwè diven dous; e tout moun vivan pral ^bkonnen, mwen menm Senyè a, m se Sovè ou ak Redanmtè ou, m se "Toupuisan Jakòb la.

CHAPIT 22

Izrayèl pral dispèse sou tout sifas tè a—Janti yo pral okipe epi nouru Izrayèl avèk levanjil la nan dènye

jou yo—Izrayèl pral rasanble e li pral sove, e mechan yo pral boule tankou pay—Wayòm dyab la pral detwi, e Satan pral mare. Anviwon 588–570 ANVAN JEZIKRI.

EPI, kounyeya se te konsa, apre mwen menm Nefi, m te fin li bagay sa yo ki te ekri sou "plakderen yo, frè m yo te vin jwenn mwen, e yo di m: Kisa bagay ou te li yo vle di? Èske nou dwe konprann yo dapre bagay espi-ritiyèl, ki pral fèt dapre lespri a, e non pa dapre kò fizik la?

2 Epi, mwen menm Nefi, m te di yo: Se vwa Lespri a ki te "manifeste bagay sa yo bay pwofèt la; paske se avèk ^bLespri a 'pwofèt yo konnen tout bagay ki pral rive pitit lèzòm dapre kò fizik la.

3 Se poutèt sa, bagay mwen te li yo gen rapò avèk bagay ki alafwa "tanporèl ak espi-ritiyèl; paske sanble, nan nenpòt fason, kay Izrayèl la pral ^bdispèse sou tout sifas tè a, nan pami tout nasyon.

4 Èpi, gade, gen anpil moun ki deja bliye sa yo ki nan Jerizalèm nan. Wi, pi gwo pati nan "tribi yo te ^bdispèse; e yo dispèse pasi-pala nan tout 'zile yo ki sou lanmè; nou youn pa konnen kote yo ye, sèlman nou konnen yo te dispèse.

5 Èpi, depi lè yo te fin dispèse

22c 1 Ne. 22:8;
2 Ne. 10:8–9.

23a Eza. 60:16.

b 1 Ne. 22:6.

c 2 Ne. 6:13;

D&A 98:2;

133:10–11, 45.

24a 1 Ne. 21:25.

26a 1 Ne. 22:13–14.

b Mozya 11:22.

c GE Jewova.

22 1a 1 Ne. 19:22;

2 Ne. 4:2.

2a 2 Pyè 1:19–21.

b GE Sentespri.

c GE Pwofesi,

pwofetize.

3a D&A 29:31–34.

b 1 Ne. 10:12–14;

2 Ne. 25:14–16.

GE Izrayèl—

Dispèsyon Izrayèl la.

4a GE Izrayèl—Dis tribi

pèdi Izrayèl yo.

b 2 Ne. 10:22.

c 1 Ne. 21:1;

2 Ne. 10:8, 20.

a, pwofesi sa yo te fèt konsènan yo ak konsènan tout moun ki pral dispèse apre sa pou yo tonbe nan konfizyon akòz Sen Izrayèl la; paske yo pral fè kè di kont li; se poutèt sa yo pral dispèse nan pami tout nasyon, e tout moun pral ^arayi yo.

6 Men, apre ^aJanti yo fin ^bnouri yo, e apre Senyè a fin leve men l sou Janti yo pou l tabli yo kòm modèl, e apre Janti yo fin pote ^cpitit Izrayèl yo nan bra yo, ak pitit fi yo sou zèpòl yo, gade bagay m ap pale yo tanporèl; paske se alyans Senyè a te fè avèk zansèt nou yo; e sa vle di nou menm, nan jou k ap vini yo, ak frè nou yo ki fè pati nan kay Izrayèl la.

7 Epi, sa vle di yon jou pral rive apre tout kay Izrayèl la te fin dispèse, e yo te fin tonbe nan konfizyon, Senyè Bondye a pral leve yon gwo nasyon nan pami ^aJanti yo, wi, sou sifas tè sa a menm; se nasyon sa a ki pral ^bdispèse desandan nou yo.

8 Epi, apre desandan nou yo fin dispèse, Senyè Bondye a pral kòmanse fè yon ^abèl travay nan pami ^bJanti yo, k ap gen anpil ^cvalè pou desandan nou yo; se poutèt sa, yo pale kòm si Janti yo

pral pote yo nan bra yo ak sou zèpòl yo.

9 Epi, li pral gen ^avalè pou Janti yo tou; non sèlman pou Janti yo, men ^bpou tout ^ckay Izrayèl la, pou fè konnen ^dalyans Papa syèl la te fè avèk Abraram, lè l te di: Tout fanmi sou tè a ap ^ebeni nan ^fdesandan ou yo.

10 Epi, frè m yo, m ta vle nou konnen, tout fanmi sou tè a pa kapab beni san li pa ^adekouvri ponyèt li devan je tout nasyon.

11 Se poutèt sa, Senyè Bondye a pral dekouvri ponyèt li devan je tout nasyon, lè li pote alyans ak levanjil li a pou moun ki fè pati nan kay Izrayèl la.

12 Se poutèt sa, li pral retire yo nan kaptivite ankò, epi yo pral ^arasanble ansanm sou tè eritaj yo a; epi yo pral sòti nan tenèb ak ^bfènwa; epi yo pral konnen ^cSenyè a se ^dSovè yo ak Redanmtè yo, li se ^eToupuisan Izrayèl la.

13 Epi, san gwo legliz ^aabominab ki se postitye tout tè a, pral vire tonbe sou tèt pa li; paske yo pral ^bgoumen youn avèk lòt, epi epe ki ^cnan men yo a pral tonbe sou pwòp tèt pa yo, e yo pral sou avèk pwòp san pa yo.

14 Epi, chak ^anasyon ki

5a 1 Ne. 19:14.

6a 1 Ne. 21:23.

b GE Janti yo.

c 1 Ne. 15:13.

7a 3 Ne. 20:27.

b 1 Ne. 13:12-14;

2 Ne. 1:11.

8a Eza. 29:14;

1 Ne. 14:7;

2 Ne. 27:26.

GE Retablisman levanjil la.

b 2 Ne. 10:10-11;

3 Ne. 16:4-7;

Mòm. 5:19.

c 1 Ne. 15:13-18;

3 Ne. 5:21-26; 21:7.

9a 1 Ne. 14:1-5.

b 2 Ne. 30:1-7.

c 2 Ne. 29:13-14.

d Det. 4:31.

e GE Alyans Abraram.

f Jen. 12:2-3;

3 Ne. 20:27;

Abr. 2:9-11.

10a Eza. 52:10.

12a GE Izrayèl—

Rasanbleman

Izrayèl la.

b GE Tenèb, espiritiyèl.

c 2 Ne. 6:10-11.

d GE Sovè.

e GE Jewova.

13a GE Dyab—

Legliz dyab la.

b 1 Ne. 14:3, 15-17.

c 1 Ne. 21:26.

14a Lik 21:10.

goumen kont ou, O kay Izrayèl la, yo pral vire youn kont lòt, e yo pral ^btonbe nan twou yo te fouye pou yo pran pèp Senyè a nan pyèj la. Epi, tout moun ki ‘goumen kont Siyon yo pral detwi, e gwo postitye ki te pèvèti bon chemen Senyè a, wi, gwo legliz abominab la, pral tonbe nan ^apousyè, e li pral tonbe fò.

15 Paske gade, pwofèt la di, lè a pral rive byen vit, pou Satan pa gen pouvwa sou kè pitit lèzòm ankò; paske jou a pral rive talèkonsa pou tout moun ki gen ògèy ak moun ki mechan vin tankou ^apay; e jou a pral rive pou yo ^bboule.

16 Paske, jou a pral rive talèkonsa pou totalite ^akòlè Bondye tonbe sou tout pitit lèzòm; paske li p ap kite mechan yo detwi moun ki jis yo.

17 Se poutèt sa, li pral ^aprezève moun ^bjis yo avèk pouvwa l, menm si li oblije devèse totalite kòlè li, e moun jis yo pral prezève, menm si ènmi yo dwe peri nan dife. Se poutèt sa, moun ki jis yo pa dwe pè, paske pwofèt la di, y ap sove menm si se nan dife.

18 Gade, frè m yo, m di nou, bagay sa yo dwe rive talèkonsa; wi, pral gen san, dife ak vapè lafimen; e sa dwe rive sou sifas tè

a menm; e sa ap rive lèzòm nan kò fizik la; si yo fè kè di kont Sen Izrayèl la.

19 Paske gade, moun ki Jis yo p ap peri; paske lè a dwe rive sètènman, pou yo rejte tout moun ki goumen kont Siyon.

20 Epi, sètènman Senyè a pral prepare yon chemen pou pèp li a, li pral akonpli pawòl Moyiz te pale yo, lè l te di konsa: Senyè Bondye w la pral leve yon ^apwofèt ki tankou m pou ou; ou pral koute l nan tout bagay, kèlkeswa bagay li di w la. Epi, se pral konsa, tout moun ki pa tande pwofèt sa a, y ap ^brejte nan pami pèp la.

21 Epi kounyeya, mwen menm Nefi, m deklare ou, ^apwofèt sa a Moyiz t ap pale a, se Sen Izrayèl la; se poutèt sa, li pral egzèsè ^bjijman avèk jistis.

22 Epi, moun ki jis yo pa dwe pè, paske se yo menm ki p ap nan konfizyon. Men se wayòm dyab la, ki pral bati nan pami pitit lèzòm yo, wayòm sa a ki tabli nan pami moun ki gen kò fizik yo—

23 Paske lè a pral rive rapid pou tout ^alegliz yo ki bati pou fè lajan, ak tout sa ki bati pou pran pouvwa sou kò fizik la, ak sa ki bati pou yo ka vin ^bpopilè devan je mond lan, ak sa k ap chèche konvwate kò fizik la ak bagay

14^b Eza. 60:12;
1 Ne. 14:3;
D&A 109:25.
c 2 Ne. 10:13; 27:3.
d Eza. 25:12.

15^a Eza. 5:23–24;
Nawoum 1:10;
Mal. 4:1;
2 Ne. 15:24; 26:4–6;
D&A 64:23–24;
133:64.

b Sòm 21:9;
3 Ne. 25:1;
D&A 29:9.
GE Tè—Netwayaj
tè a.

16^a 1 Ne. 14:17.
17^a 2 Ne. 30:10;
Moyiz 7:61.
b 1 Ne. 17:33–40.
20^a Jan 4:19; 7:40.
b D&A 133:63.

21^a Det. 18:15, 18;
Tra. 3:20–23;
1 Ne. 10:4;
3 Ne. 20:23.
b Sòm 98:9;
Moyiz 6:57.
23^a 1 Ne. 14:10;
2 Ne. 26:20.
GE Fo prèt.
b Lik 6:26;
Alma 1:3.

mond lan, epi k ap fè tout kalite inikite; wi, alafen, tout moun ki fè pati nan wayòm dyab la, se yo menm ki bezwen pè, tranble, epi ‘fremi; se yo ki dwe desann ba nan pousyè; se yo ki dwe ^aboule tankou pay; e se dapre pawòl pwofèt yo.

24 Epi, lè a pral rive rapid, jis yo dwe leve tankou ti ^abèf nan savann, e Sen Izrayèl la dwe gouvène avèk dominasyon, ak fòs, ak pouvwa, ak anpil glwa.

25 Epi, li ^arasanble pitit li yo nan kat kwen tè a; li konte brebi li yo, yo konnen l; e pral gen yon sèl ^bbèje, ak yon sèl twoupo; e li pral nouri brebi li yo, e yo pral jwenn ^csipò nan li.

26 Epi, poutèt lajistis pèp li a, ^aSatan pa gen pouvwa; se poutèt sa, li pa kapab lage pou ^banpil ane; paske li pa gen pouvwa sou kè pèp la, poutèt yo viv nan lajistis, e se Sen Izrayèl la ki pral ^cgouvène.

27 Epi, kounyeya gade mwen menm, Nefi, m di nou konsa, tout bagay sa yo dwe rive nan kò fizik la.

28 Men, gade, tout nasyon, fanmi, lang, ak pèp pral viv nan lapè avèk Sen Izrayèl la, si yo ^arepanti.

29 Epi, kounyeya mwen menm Nefi, m fini; paske m p ap pale plis konsènan bagay sa yo pou kounyeya.

30 Se poutèt sa, frè m yo, m ta vle nou konsidere bagay ki ekri nan ^aplakderen an se verite; e yo temwaye pou fè konnen yon moun dwe obeyisan nan kòmandman Bondye yo.

31 Se poutèt sa, nou pa dwe sipoze mwen menm ak papa m se sèl moun ki te temwaye, e ki te ansenye yo. Se poutèt sa, si nou obeyisan nan ^akòmandman yo, e si nou pèsevere jiska lafen, n ap sove nan dènje jou a. Epi se konsa sa ye. Amèn.

DEZYÈM LIV NEFI A

Istwa lanmò Leyi. Frè Nefi yo fè rebèl kont li. Senyè a avèti Nefi pou l pati nan dezè a. Vwayaj li nan dezè a, eksetera.

CHAPIT 1

Leyi pwofetize konsènan yon peyi libète—Desandan l yo pral dispèse, e

yo pral detwi si yo rejte Sen Izrayèl la—Li egzèpte pitit gason li yo pou yo mete kwiras lajistis la sou yo. Anviwon 588–570 ANVAN JEZIKRI.

23c 2 Ne. 28:19.

d 2 Ne. 26:6.

24a Amòs 6:4;

Mal. 4:2;

3 Ne. 25:2.

25a GE Izrayèl—
Rasanbleman
Izrayèl la.

b GE Bon Bèje.

c Sòm 23.

26a Apok. 20:2;

Alma 48:17;

D&A 43:31; 45:55;

88:110; 101:28.

GE Dyab.

b Jakòb 5:7.

c GE Milenyòm.

28a GE Padon;

Repantans, repanti.

30a 2 Ne. 4:2.

31a Mat. 19:17.

GE Kòmandman

Bondye yo.

EPI kounyeya, se te konsa, apre mwen menm Nefi, m te fin ansenye frè m yo, “papa nou, Leyi, te pale yo anpil pawòl tou, e li te fè yo sonje anpil bagay Senyè a te fè pou yo lè li te mennen yo sòti nan peyi Jerizalèm nan.

2 Epi li te pale avèk yo konsènan “rebelyon yo sou lanmè a, ak mizèrikòd Bondye lè li te epaye lavi yo, pou yo pa t anglouti nan lanmè a.

3 Epi li te pale tou avèk yo konsènan tè pwomiz yo te jwenn nan—ki jan Senyè a te gen mizèrikòd lè l te avèti nou pou nou te sove kite peyi Jerizalèm nan.

4 Paske, gade, li te di konsa, m te fè yon “vizyon, nan vizyon sa a, m konnen ^bJerizalèm detwi; e si nou te rete nan Jerizalèm nou t ap “peri tou.

5 Men, li di konsa, malgre aflikasyon nou yo, nou te jwenn yon “tè pwomiz, yon tè ki pi ^bbon pase tout lòt tè; yon tè Senyè Bondye a te fè alyans avèk mwen pou tè sa a vin yon eritaj pou desandan m yo. Wi, Senyè a te fè “alyans tè sa a avèk mwen, ak pitit mwen yo pou tout tan, epi tou avèk tout moun men Senyè a ta dirije sòti nan lòt peyi yo.

6 Se poutèt sa, mwen Leyi, m pwofetize dapre pouvwa Lespri

a ki nan mwen, “onkenn moun p ap vini sou tè sa a san men Senyè a pa mennen yo.

7 Se poutèt sa, “tè sa a konsakre pou moun li pral mennen. Epi si yo sèvi l dapre kòmandman li te bay yo, l ap yon tè ^blibète pou yo; konsa, yo p ap janm tonbe nan kaptivite; si sa rive, se va poutèt inikite; paske si inikite fè “mikalaw tè a ap modi poutèt yo, men pou moun ki jis yo, l ap beni pou tout tan.

8 E gade, se yon bagay ki saj pou tè sa a rete sekre pou lòt nasyon yo pou kounyeya; paske anpil nasyon t ap anvayi peyi a, e pa t ap gen plas pou yon eritaj.

9 Se poutèt sa, mwen menm Leyi, m te resevwa yon pwomès, konsa, “depi moun Senyè Bondye a pral mennen sòti nan peyi Jerizalèm yo kenbe kòmandman li yo, y ap ^bpwospere sou sifas peyi sa a; epi y ap rete an sekre pou tout lòt nasyon, pou yo kapab posede tè sa a pou tèt pa yo. Epi si yo “respekte kòmandman l yo, y ap beni sou sifas peyi sa a, epi p ap gen onkenn moun pou nwi yo, ni pou pran tè eritaj yo a; epi y ap viv nan sekirite pou tout tan.

10 Men gade, lè tan an rive pou yo dejenere nan enkwayans, apre yo fin resevwa tout gwo benediksyon sa yo nan

1 1a GE Patriyach, patriyakal.
2a 1 Ne. 18:9-20.
4a GE Vizyon.
b 2 Wa 24:14-15; Jer. 44:2; 1 Ne. 1:4; Ela. 8:20.
c Alma 9:22.

5a GE Tè pwomiz.
b Etè 2:9-10.
c GE Alyans.
6a 2 Ne. 10:22.
7a Mozya 29:32; Alma 46:10, 20.
b 2 Ne. 10:11.
GE Libète.
c Alma 45:10-14, 16;

Mòm. 1:17; Etè 2:8-12.
9a 2 Ne. 4:4; Alma 9:13.
b Det. 29:9.
c GE Obeyi, obeyisan, obeyisans.

men Senyè a—malgre yo gen yon konesans konsènan kreyasyon tè a, ak tout moun, malgre yo konnen gwo zèv mèveye Senyè a depi nan kreyasyon mond lan; malgre yo te resevwa pouvwa pou yo fè tout bagay ak lafwa; malgre yo te gen tout kòmandman yo depi nan kòmansman, e malgre bonte sanfen l te mennen yo nan tè pwomiz presye sa a—gade, m di konsa, lè jou sa a va rive, e pou yo rejte Sen Izrayèl la, “Mesi tout bon an, Redanmtè yo ak Bondye yo a, gade lè sa a, jijman moun ki jis la y ap tonbe sou yo.

11 Wi, l ap mennen “lòt nasyon sou yo epi l ap ba yo pouvwa, e l ap pran tè yo posede a nan men yo epi l ap fè yo ^bdispèse epi y ap modi.

12 Wi, yon jenerasyon ap pase kite yon lòt nan “masak, e ap gen gwo malediksyon nan pami yo; se poutèt sa, pitit gason mwen yo, m ta vle pou nou sonje; wi, m ta vle pou nou koute pawòl mwen yo.

13 O, m ta swete nou reveye; reveye nou soti nan gwo somèy la, wi, nan somèy “lanfè a, e souke chenn terib ki mare nou yo, ^bchenn sa yo ki mare pitit lèzòm, pou pote yo desann kaptif

nan ‘gouf mizè ak doulè etènèl la.

14 Reveye! Leve sòti nan pou-syè a, e tandè pawòl “paran nou k ap tranble a, anvan lontan nou dwe mete kò l nan ^btonbo frèt ki frankil la, kote onkenn vwayajè pa kapab kase tèt tounen an; nan kèk jou m pral fè menm ‘wout tout moun sou tè yo dwe fè a.

15 Men gade, Senyè a te “rachte nanm mwen anba lanfè; m te wè laglwa li, e ^bponyèt ‘lanmou li anviwonnen m pou tout tan gen tan.

16 Epi m vle nou sonje obsève “kòmandman ak jijman Senyè a yo; se te sousi nanm mwen depi nan kòmansman.

17 Kè m te chaje ak tristès tantantan, paske m te pè, poutèt kè di nou, pou Senyè Bondye nou an pa t vini sou nou nan totalite “kòlè li, pou l pa ^brejte nou nan prezans li e pou nou pa detwi pou tout tan.

18 Oubyen, pou yon malediksyon pa t tonbe sou nou pandan “anpil jenerasyon; pou epe, famin ak lahèn pa vizite nou e pou volonte ak kaptivite ^bdyab la pa dirije nou.

19 O pitit gason m yo, m swete pou bagay sa yo pa ta vini sou nou, men okontrè pou nou ta yon pèp “beni, chwazi devan

10a GE Mesi.

11a 1 Ne. 13:12-20;
Mòm. 5:19-20.

b 1 Ne. 22:7.

12a Mòm. 1:11-19;
4:11.

13a GE Lanfè.

b Alma 12:9-11.

c 1 Ne. 15:28-30;
Ela. 3:29-30.

14a GE Paran yo.

b GE Lanmò,
fizik.

c Joz. 23:14.

15a Alma 36:28.

GE Ekspyasyon,
ekspye.

b Jakòb 6:5;

Alma 5:33;

3 Ne. 9:14.

c Wom. 8:39.

GE Lanmou,

renmen.

16a Det. 4:5-8;

2 Ne. 5:10-11.

17a 2 Ne. 5:21-24;

Alma 3:6-19.

b Mozya 12:8.

18a 1 Ne. 12:20-23.

b GE Dyab.

19a GE Chwazi (adjektif
oubyen non).

Senyè a. Men, se pou volonte l fèt; paske ^bchemen li se lajistis pou tout tan.

20 Epi li te di konsa: “Toutotan nou respekte ^bkòmandman m yo, n ap ‘pwospere nan peyi a; men toutotan nou pa respekte kòmandman m yo, m ap rejte nou nan prezans mwen.

21 E kounyeya, pou nanm mwen kapab gen lajwa pou, e pou kè m kapab kite mond sa a avèk lajwa poutèt nou, pou m kapab pa desann avèk lapenn epi avèk latristès nan tonb lan, leve sòti nan pousyè a, pitit gason m yo, e mete ^agason sou ou, e fè detèminasyon pou yon sèl ^bdispozisyon ak yon sèl kè, reyini tèt nou nan tout bagay, pou nou kapab pa tonbe nan kaptivite.

22 Pou nou kapab pa modi anba yon move malediksyon; epi tou, pou nou kapab pa rale kòlè yon Bondye ki “jis sou nou, jis nan destriksyon, wi destriksyon etènèl nanm nan ak kò a.

23 Reveye, pitit gason m yo; mete ^aboukliye lajistis la sou nou. Souke chenn yo ki mare nou an, e sòti nan tenèb la, epi leve sòti nan pousyè a.

24 Pa fè rebèl kont frè nou an ankò, frè nou an ki gen bèl konpreyansyon e ki te respekte kòmandman yo depi lè nou te kite Jerizalèm nan, e ki te yon zouti

nan men Bondye, pou l te menen nou vin nan tè pwomiz la; paske si se pa t pou li, nou t ap mouri anba ^agrangou nan dezè a; malgre sa, nou te chèche ^bdetwi lavi l; wi, e li te soufri anpil chagren poutèt nou.

25 M pè e m tranble anpil pou l pa soufri ankò poutèt nou; paske nou te akize l pou fè konnen li te vle gen pouvwa ak ^aotorite sou nou; men m konnen li pa t chèche gen pouvwa ni otorite sou nou, okontrè, li te chèche laglwa Bondye ak byen-nèt etènèl nou.

26 Epi nou te plenyen paske li te pale klè avèk nou. Nou di konsa li fè ^apresyon sou ou; ou di konsa li te fache kont nou; men, presyon li a se presyon pouvwa pawòl Bondye a ki te nan li; epi sa nou rele kòlè a se te verite, daprè verite ki nan Bondye, verite sa a, li pa t kapab rale dèyè, li te manifeste l kareman konsènan inikite nou yo.

27 Epi li te nesèsè pou ^apouvwa Bondye avèk li jistan pou l te kòmande nou pou nou obeyi l. Men se pa t limenm, sete ^bLespri Senyè a ki te nan li, ki te ^clouvre bouch li avèk pawòl pou l pa t kapab fèmen l.

28 Epi kounyeya, pitit gason m nan, Laman, ak Lemyèl, ak Sam epi tou ak pitit gason m yo ki

19^b Oze 14:9.

20^a Jawòm 1:9;
Mozya 1:6–7;
Alma 9:13–14.
^b Lev. 26:3–14;
Jowèl 2:23–26.
^c Sòm 67:6;
Mozya 2:21–25.

21^a 1 Sam. 4:9;
1 Wa 2:2.
^b Moyiz 7:18.
22^a D&A 3:4.
23^a Efe. 6:11–17.
24^a 1 Ne. 16:32.
^b 1 Ne. 16:37.
25^a Jen. 37:9–11.

26^a Pwov. 15:10;
1 Ne. 16:2;
Mowo. 9:4;
D&A 121:41–43.
27^a 1 Ne. 17:48.
^b D&A 121:43.
^c D&A 33:8.

se pitit gason Ismayèl yo, gade si ou koute vwa Nefi, nou p ap peri. Epi si nou koute l, m ap kite yon ^abenediksyon, pou nou, wi, premye benediksyon pa m menm.

29 Men si nou pa koute l m ap retire ^apremye benediksyon pa m nan, wi, benediksyon m nan menm, e li pral pou li.

30 Epi kounyeya, Zoram, m ap pale avèk ou: Koute, ou se ^asèvitè Laban; men ou te sòti nan peyi Jerizalèm nan, e m konnen ou se yon zanmi toutbon pou pitit gason m nan, Nefi pou tout tan.

31 Se poutèt sa, poutèt ou te fidèl, desandan w yo pral beni ^aavèk desandan li yo, pou yo rete nan pwosperite lontan sou sifas peyi sa a; epi anyen, eksepte si gen inikite nan pami yo, p ap kapab fè yo mal ni nwi desandan w yo sou sifas peyi sa pou tout tan.

32 Se poutèt sa, si ou respekte kòmandman Senyè a yo, Senyè a konsakre tè sa a pou sekirite desandan w yo ak desandan pitit gason mwen an.

CHAPIT 2

Redanmsyon vini pa mwanyen Mesi ki Sen an—Libète pou chwazi (lib abit) se yon bagay esansyèl pou egzistans ak pwogresyon—Adan te tonbe pou lèzòm te kapab fèt—Lèzòm lib pou

yo chwazi libète ak lavi etènèl. Anviwon 588–570 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, Jakòb, m ap pale avè w: Ou se ^apremye pitit mwen nan jou tribilasyon m yo nan dezè a. Epi gade nan anfans ou, ou te soufri anpil aflikasyon ak anpil tristès, poutèt britalite frè w yo.

2 Poutèt sa, Jakòb, premye pitit mwen nan dezè a, ou konnen grandè Bondye; li pral konsakre aflikasyon w yo nan avantaj pa w.

3 Se poutèt sa, nanm ou pral beni, e ou pral rete nan sekirite avèk Nefi, frè w la; e jou w yo pral pase nan sèvis Bondye w la. Se poutèt sa, m konnen w rachte poutèt lajistis Redanmètè ou la; paske w te wè l vin pote sali pou lèzòm lè tan an rive.

4 Epi lè ou te jèn ou te ^awè laglwa li; se poutèt sa ou beni tankou moun yo li gen pou l preche nan kò fizik la; paske Lespri a se menm nan, yè, jodia e pou tout tan. Epi chemen an te prepare depi nan tonbe Adan ak Èv la, epi sali a ^bgratis.

5 Epi lèzòm te resevwa ase ens-triksyon pou yo kapab ^akonnen byen ak mal. Epi lèzòm te resevwa lalwa a. Epi avèk lalwa a onkenn moun pa gen ^beskiz; oubyen avèk lalwa a lèzòm ^crejte. Wi, lalwa tanporèl la te rejte yo; epi tou avèk lalwa espirityèl la

28a GE Dwadenès.

29a Abr. 1:3.

30a 1 Ne. 4:20, 35.

31a 2 Ne. 5:6.

2 1a 1 Ne. 18:7.

4a 2 Ne. 11:3;

Jakòb 7:5.

b GE Gras.

5a Mowo. 7:16.

b Wom. 3:20;

2 Ne. 25:23;

Alma 42:12–16.

GE Jistifikasyon,

jistifye.

c 1 Ne. 10:6;

2 Ne. 9:6–38;

Alma 11:40–45;

12:16, 24; 42:6–11;

Ela. 14:15–18.

yo peri lwen sa yo ki bon e yo vin mizerab pou tout tan.

6 Se poutèt sa, ^aredanmsyon an vini nan e pa mwayen ^bMesi ki Sen an; paske li plen ^cgras ak verite.

7 Gade, li ofri tèt li kòm ^asakrifis pou peche, pou satisfè obligasyon lalwa a, pou tout moun ki gen kè brize ak lespri kontri; epi ^bobligasyon lalwa a pa kapab satisfè pou onkenn lòt moun.

8 Se poutèt sa, li enpòtan anpil pou abitan latè yo konnen bagay sa yo, pou yo kapab konnen pa gen onkenn moun ki kapab rete nan prezans Bondye, san ^ase pa akoz merit, ak mizèrikòd, ak la-gras Mesi ki Sen an, ki bay lavi l daprè kò fizik li a e ki pran l ankò avèk pouvwa Lespri a, pou l kapab reyalize ^brezirèksyon mò yo, kòm premye moun ki te reziste tèt li.

9 Se poutèt sa, li se premye fwi devan Bondye, konsa l ap ^aplede pou tout pitit lèzòm; e moun yo ki kwè nan li, y ap sove.

10 Epi poutèt l ap ^aplede pou tout moun, tout moun vin jwenn Bondye; konsa, yo kanpe nan prezans li, pou l ^bjije yo daprè verite ak ^csentete ki nan li. Konsa, obligasyon lwa Nonm ki Sen an te bay la, pou egzekite pinisyon ki asosye avèk lalwa

a, pinisyon sa a ki asosye avèk lalwa a nan opozisyon avèk bonè ki asosye avèk lalwa a, pou satisfè obligasyon ^dekspyasyon an—

11 Paske dwe gen ^aopozisyon nan tout bagay. Si se pa sa, premye pitit mwen nan dezè a, pa t ap gen la jistis ni lamechanste, ni lasentete ni lamizè, ni byen ni mal. Se poutèt sa, tout bagay se melanj plizyè nan youn; konsa si se ta yon sèl eleman li t ap san vi, li pa t ap gen ni lavi ni lanmò, ni koripsyon, ni enkoripsyon, ni bonè, ni mizè, ni sansiblite, ni ensansiblite.

12 Si se te konsa, li pa t ap kreye pou onkenn rezon; konsa, pa t ap gen onkenn ^arezon pou kreyasyon li a. Konsa bagay sa a t ap detwi lasajès Bondye, ak objektif etènèl li a, ak pouvwa l, ak lamizèrikòd li a ak ^blajistis Bondye a.

13 Epi si w di ^apa gen lalwa, w ap di pa gen peche tou. Si w di pa gen peche, w ap di pa gen lajistis tou. Epi si pa gen lajistis, pa gen bonè. E si pa gen lajistis ni bonè, pa gen pinisyon, ni mizè. Epi si bagay sa yo pa egziste, ^bpa gen Bondye. E si pa gen Bondye, nou pa egziste, ni tè a tou; paske onkenn bagay pa t ap kapab kreye, ni pou aji ni

6a 1 Ne. 10:6;
2 Ne. 25:20;
Alma 12:22-25.
GE Plan redanmsyon.
b GE Mesi.
c Jan 1:14, 17;
Moyiz 1:6.
7a GE Èkspyasyon,
ekspye.
b Wom. 10:4.
8a 2 Ne. 25:20; 31:21;

Mozya 4:8; 5:8;
Alma 38:9.
b 1 Kor. 15:20;
Alma 7:12; 12:24-25;
42:23.
GE Rezirèksyon.
9a Eza. 53;
Mozya 14:12; 15:8-9.
10a GE Redanmtè.
b GE Jijman, Dènye a.
c GE Sentete.

d 2 Ne. 9:7, 21-22, 26;
Alma 22:14;
33:22; 34:9.
11a D&A 29:39; 122:5-9.
GE Advèsite.
12a D&A 88:25-26.
GE Tè—Te kreye
pou lèzòm.
b GE Jistis.
13a 2 Ne. 9:25.
b Alma 42:13.

pou sibi aksyon; se poutèt sa, tout bagay t ap disparèt.

14 Epi kounyeya, pitit gason m yo, m ap pale nou bagay sa yo nan avantaj nou e pou nou kapab aprann; paske gen yon Bondye e li te ^akreye tout bagay, ni nan syèl la, ni sou tè a, ak tout bagay ki ladan yo, ni bagay ki pou aji ni bagay ki pou ^bsibi aksyon.

15 Epi pou rive nan ^abi etènèl li konsènan lèzòm, lè li te fin kreye premye paran nou yo, ak bèt gadinaj yo ak bèt volay yo, e alafen, tout bagay ki te kreye, se te nesèsè pou gen yon opozisyon; menm pou ^bfwi ^cdefandi a nan opozisyon avèk ^apyebwa lavi a; youn dous, lòt la anmè.

16 Se poutèt sa, Senyè Bondye a te pèmèt lèzòm ^achwazi pou tèt pa yo. Men, lèzòm pa t ap kapab chwazi pou tèt pa yo si yo pa t ^bnanmitan de bagay opoze.

17 Epi, mwen menm Leyi, dapre bagay m te li yo, m sipoze te gen yon ^azanj Bondye, dapre sa ki ekri, ki te ^btonbe sòti anlè nan syèl la; se poutèt sa, li te tounen yon dyab, paske li te chèche fè move bagay devan Bondye.

18 Epi paske li te tonbe sòti

anlè nan syèl la, e li te vin mizerab pou tout tan, li te ^achèche mizè pou tout limanite. Se poutèt sa, li te di ^bÈv konsa, wi, sèpan sa a menm, ki se dyab la, ki se papa tout ^cmanti yo te di: Manje nan fwi defandi a, e w p ap mouri, okontrè w ap vin tankou Bondye, w ap ^dkonnen byen ak mal.

19 Epi apre Adan ak Èv te fin ^amanje nan fwi defandi a, yo te oblije sòti kite jaden ^bEdenn nan pou yo kiltive tè a.

20 Epi yo te fè pitit; wi, tout ^afanmi ki sou tè a.

21 Epi jou pitit ^alèzòm te pwolonje, dapre volonte Bondye, pou yo kapab ^brepanti pandan yo nan kò fizik la; se poutèt sa, kondisyon yo te vin yon kondisyon ^ceprev, e tan yo te pwolonje dapre kòmandman Senyè Bondye a te bay pitit lèzòm. Paske li te bay kòmandman pou tout moun repanti; paske li te montre tout moun yo te ^apèdi, poutèt transgresyon paran yo.

22 Epi, kounyeya, gade si Adan pa t transgese li pa t ap tonbe, men li t ap rete nan jaden Edenn nan. Epi tout bagay ki te kreye t ap rete menm jan yo te ye apre yo te fin kreye a; yo t ap rete

14a GE Kreyasyon, kreye.

b D&A 93:30.

15a Eza. 45:18;
Alma 42:26;
Moyiz 1:31, 39.

b Jen. 2:16–17;

Moyiz 3:17.

c Jen. 3:6;

Alma 12:21–23.

d Jen. 2:9;

1 Ne. 15:22, 36;

Alma 32:40.

16a 2 Ne. 10:23;

Alma 12:31.

GE Lib abit.

b D&A 29:39–40.

17a GE Dyab.

b Eza. 14:12;

2 Ne. 9:8;

Moyiz 4:3–4;

Abr. 3:27–28.

18a 2 Ne. 28:19–23;

3 Ne. 18:18;

D&A 10:22–27.

b GE Èv.

c 2 Ne. 28:8; Moyiz 4:4.

d Jen. 3:5;

Alma 29:5;

Mowo. 7:15–19.

19a Alma 12:31.

GE Chit Adan ak Èv.

b GE Edenn.

20a D&A 138:38–39.

21a Alma 12:24;

Moyiz 4:23–25.

b Alma 34:32.

GE Repantans, repanti.

c GE Mòtalite, mòtèl.

d Jakòb 7:12.

konsa pou tout tan e yo pa t ap gen fen.

23 Epi yo pa t ap gen ^apitit; konsa yo t ap rete nan yon kondisyon inosans, yo pa t ap gen lajwa, paske yo pa t konnen lamizè, yo pa t ap fè byen, paske yo pa t konnen peche.

24 Men, gade, tout bagay te fèt nan lasajès moun ki ^akonnen tout bagay la.

25 ^aAdan te ^btonbe pou lèzòm te kapab fèt; e lèzòm te ^cfèt pou yo kapab gen ^dlaajwa.

26 Epi ^aMesi a vini nan plenitud tan yo, pou l kapab ^brachte pitit lèzòm yo anba transgresyon an. Epi poutèt yo rachte anba transgresyon an, yo vin ^clib pou tout tan, paske yo vin konnen byen ak mal; pou yo kapab chwazi pou tèt pa yo, non pa pou moun chwazi pou yo, eksepte anba pinisyon ^dlalwa a nan gran ak dènye jou a, dapre kòmandman Bondye bay yo.

27 Se poutèt sa, lèzòm ^alib dapre kò fizik la; e yo resevwa tout bagay ki nesèsè pou moun. Epi yo lib pou yo ^bchwazi libète ak lavi ^cetènèl pa mwayen gran Medyatè a ki pou tout moun nan, oubyen yo kapab chwazi kaptivite ak lanmò, dapre kaptivite ak pouvwa dyab la; paske li chèche pou l fè tout moun mizerab tankou tèt pa l.

28 Epi kounyeya, pitit gason

m yo, m ta vle pou nou apiye sou gran ^aMedyatè a, koute gran kòmandman li yo e rete fidèl nan pawòl li yo, epi chwazi lavi etènèl dapre volonte Lespri Sen li a.

29 Epi pa chwazi lanmò etènèl, dapre volonte kò fizik la ak mal ki ladan l, ki bay lespri dyab la pouvwa pou l ^akaptire, pou l mennen nou desann nan ^blanfè, pou l kapab gouvène sou nou nan wayòm pa l.

30 M te pale kèk pawòl sa yo avèk nou tout, pitit gason m yo, nan dènye jou eprèv mwen an; e m te chwazi bon pati a dapre pawòl pwofèt la. Epi m pa gen onkenn lòt rezon, eksepte poutèt byen nanm nou pou tout tan. Amèn.

CHAPIT 3

Jozèf nan Ejipt te wè Nefit yo nan vizyon—Li te pwofetize konsènan Joseph Smith, vwayan dènye jou a; konsènan Moyiz, ki pral delivre Izrayèl; e konsènan aparisyon Liv Mòmmon an. Anviwon 588–570 AN-VAN JEZIKRI.

EPI, m ap pale avè w, Jozèf, ^adènye pitit mwen an. Ou te fèt nan dezè afliksyon m yo; wi manman w te pote ou nan jou pi gran chagren m yo.

2 Se pou Senyè a konsakre ^ate sa a pou w tou, ki se tè ki pi en-

23a Moyiz 5:11.

24a GE Bondye, Divinite.

25a GE Adan.

b Moyiz 6:48.

GE Chit Adan ak Èv.

c GE Mòtalite, mòtèl.

d Moyiz 5:10.

GE Jwa; Lèzòm, lòm.

26a GE Mesì.

b GE Plan redanmsyon.

c Alma 42:27;

Ela. 14:30.

d GE Lwa.

27a Gal. 5:1;

Moyiz 6:56.

b GE Lib abit.

c GE Lavi etènèl.

28a GE Medyatè.

29a Wom. 6:16–18;

Alma 12:11.

b GE Lanfè.

3 1a 1 Ne. 18:7.

2a 1 Ne. 2:20.

GE Tè pwomiz.

pòtan an, pou eritaj ou ak eritaj desandan w yo avèk frè w yo, pou sekirite ou pou tout tan, si ou respekte kòmandman Sen Izrayèl la.

3 Epi, kounyea, Jozèf, dènye pitit mwen an, m te mennen sòti nan dezè afliksyon m nan, se pou Senyè a beni w pou tout tan, paske desandan w yo p ap “de-twi nèt.

4 Paske, gade w se fwi ren m; e m se desandan “Jozèf yo te mennen ^bkaptif nan Ejipt la. Epi alyans Senyè a te fè avèk Jozèf yo te gran.

5 Se poutèt sa, Jozèf te reyèlman “wè epòk nou an. Epi li te resewa yon pwomès nan men Senyè a, pou Senyè Bondye a leve yon ^bbranch ki “jis pou kay Izrayèl la nan fwi ren l; se pa Mesi a, men yon branch ki te gen pou l kase, men pou Senyè a kapab sonje alyans li ak yo, pou “Mesi a kapab manifeste l devan yo nan dènye jou yo, nan lespri pouvwa, pou l mennen yo sòti nan fènwa vin nan limiyè—wi, sòti nan “fènwa kache ak kaptivite vin nan libète.

6 Paske Jozèf te reyèlman temwaye, li te di konsa: Senyè Bondye a pral leve yon “vwayan, k ap yon vwayan beni pou fwi ^bren m yo.

7 Wi, Jozèf te reyèlman di: Men sa Senyè a te di m: M pral leve yon “vwayan beni sòti nan fwi ren ou; e yo pral ba l anpil respè nan pami fwi ren ou yo. Epi m pral ba li kòmandman pou l fè yon travay pou fwi ren ou yo, frè l yo, travay sa a pral tèlman gen anpil valè pou yo, l ap mennen yo nan konesans alyans m te fè avèk zansèt ou yo.

8 Epi m pral ba li kòmandman pou l pa fè “okenn lòt travay, eksepte travay m pral kòmande l la. Epi m pral fè l gran devan je m; paske li pral fè travay mwen.

9 Epi li pral gran tankou “Moyiz, moun m te di m ap leve pou w a, pou ^bdelivre pèp mwen an, O kay Izrayèl la.

10 Epi m pral leve Moyiz pou delivre pèp ou a sòti nan peyi Ejipt la.

11 Men m pral fè yon vwayan sòti nan fwi ren ou; epi m pral ba l “pouvwa pou l pote pawòl mwen bay desandan ren w yo—e Senyè a di, pa sèlman pote pawòl mwen, men tou, pou konvenk yo konsènan pawòl mwen, k ap deja ale nan pami yo.

12 Epi Senyè a te di, konsa, fwi ren w yo pral “ekri; e fwi ren ^bJida yo pral “ekri; e bagay fwi ren w yo pral ekri yo, ak bagay fwi ren Jida yo pral ekri yo pral

3a 2 Ne. 9:53.

4a Jen. 39:1–2; 45:4; 49:22–26;

1 Ne. 5:14–16.

b Jen. 37:29–36.

5a TJS Jen. 50:24–38

(Apendis);

2 Ne. 4:1–2.

b Jakòb 2:25.

c Jen. 49:22–26;

1 Ne. 15:12; 19:24.

GE Jaden Senyè a.

d 2 Ne. 6:14;

D&A 3:16–20.

e Eza. 42:16.

6a 3 Ne. 21:8–11;

Mòm. 8:16.

GE Vwayan.

b D&A 132:30.

7a GE Smith, Joseph,

pitit la.

8a D&A 24:7, 9.

9a Moyiz 1:41.

b Egz. 3:7–10;

1 Ne. 17:24.

11a D&A 5:3–4.

12a GE Liv Mòmmon.

b 1 Ne. 13:23–29.

c GE Bib.

fè yon sèl, pou yo kapab ^dkonfonn fo doktrin, sispann chirepit, epi etabli lapè nan pami fwi ren w yo epi pou ^emenmen yo nan ^fkonesans zansèt yo nan dènye jou yo, e ak konesans alyans mwen yo tou.

13 Epi Senyè a te di konsa, jou sa a, li pral vin fò nan feblès li, lè travay mwen kòmanse nan pami tout pèp mwen an, O kay Izraèl la.

14 Epi konsa Jozèf te pwofetize, li te di: gade, Senyè a pral beni vwayan sa a; e moun yo k ap chèche detwi l yo pral konfonn; paske pwomès sa a m te resevwa nan men Senyè a konsènan fwi ren m yo, pral akonpli. Gade, m sèten konsènan akonplisman pwomès sa a.

15 Epi li pral gen menm ^anon avèk mwen; e li pral gen menm ^bnon avèk papa l. Epi li pral tankou m; paske bagay Senyè a pral fè men l yo pote a, avèk pouvwa Senyè a, pral mennen pèp mwen an nan sali.

16 Wi, se konsa Jozèf te pwofetize: M sèten konsènan bagay sa a, menm jan m sèten konsènan pwomès Moyiz la; paske Senyè a te di m, m ap ^aprezève desandan w yo pou tout tan.

17 Epi Senyè a te di: M ap leve yon Moyiz; e m ap ba li pouvwa nan yon baton; epi m ap ba li pouvwa nan ekriti. Men m p

ap delye lang li, pou l pale anpil pawòl paske m p ap fè l fò nan pale. Men m ap ^aekri lalwa mwen pou li, avèk dwèt men pa m; epi m ap ba li yon ^bpòtpawòl.

18 Epi tou Senyè a te di m: M ap leve yon Moyiz pou fwi ren w yo; e m ap ba li yon pòtpawòl. E mwen menm, m ap fè l ekri ekriti fwi ren w yo, pou fwi ren w yo; epi pòtpawòl ren w la pral deklare ekriti yo.

19 Epi pawòl li pral ekri y ap pawòl ki nesèsè nan lasajès mwen pou al jwenn ^afwi ren w yo. Epi se ap tankou fwi ren w yo te fè vwa yo ^bsòti nan pousyè tè a, al jwenn yo, paske m konnen lafwa yo.

20 Epi yo pral ^akriye sòti nan pousyè tè a; wi, yo pral preche repantans bay frè yo, menm apre anpil jenerasyon fin pase. Epi, se pral konsa, vwa yo prale dapre senplisite pawòl yo.

21 Poutèt lafwa yo, ^apawòl yo pral sòti nan bouch mwen pou al jwenn frè yo ki se fwi ren w yo; e m ap fè pawòl fèb yo vin fò pa mwayen lafwa yo, pou m sonje alyans mwen yo, m te fè avèk zansèt ou yo.

22 Epi, kounyeya, gade, koute, pitit gason m nan, Jozèf, se konsa gran papa m te ^apwofetize.

23 Se poutèt sa alyans sa a, ou beni; paske desandan w yo p ap

12d Ezek. 37:15-20;
1 Ne. 13:38-41;
2 Ne. 29:8; 33:10-11.
e Mowo. 1:4.
f 1 Ne. 15:14;
2 Ne. 30:5;
Mòm. 7:1, 5, 9-10.
15a D&A 18:8.

b 1-JS 1:3.
16a Jen. 45:1-8.
17a Det. 10:2, 4;
Moyiz 2:1.
b Egz. 4:16.
19a D&A 28:8.
b Eza. 29:4;
2 Ne. 27:13; 33:13;

Mòm. 9:30;
Mowo. 10:27.
20a 2 Ne. 26:16;
Mòm. 8:23.
21a 2 Ne. 29:2.
22a 2 Ne. 3:5.

detwi, paske yo pral koute pawòl liv la.

24 Epi yon moun puisan pral leve nan pami yo, li pral fè anpil bon bagay, alafwa nan pawòl ak nan aksyon, li pral yon zouti nan men Bondye, avèk anpil lafwa pou l fè anpil gwo mèvè, epi pou l fè sa ki gran devan Bondye, pou l fè anpil retablisman pou kay Izrayèl la, ak pou desandan frè w yo.

25 Epi, kounyeya, ou beni, Jozèf. Gade ou piti; men koute pawòl frè w la, Nefi, e pawòl m te pale yo pral akonpli pou ou. Sonje pawòl papa k ap mouri a. Amèn.

CHAPIT 4

Leyi konseye epi li beni posterite l—Li mouri e yo antere li—Nefi rejwi nan bonte Bondye—Nefi mete konfyans li nan Senyè a pou tout tan. Anviwon 588–570 AN-VAN JEZIKRI.

EPI, mwen menm Nefi, m ap pale konsènan pwofesi yo papa m te pale a, konsènan "Jozèf, yo te mennen nan peyi Ejip la.

2 Paske, li te gade pwofetize konsènan tout desandan li yo. Epi "pwofesi li te ekri yo, pa gen anpil lòt ki pi gran pase yo. Epi li te pwofetize konsènan nou, ak jenerasyon nou yo ki pral vini apre; e yo ekri sou plakderen yo.

3 Se poutèt sa, apre papa m te fin pale konsènan pwofesi Jozèf

yo, li te rele pitit Laman yo, pitit gason ak pitit fi li yo, epi li di yo: Koute, pitit gason ak pitit fi m yo, nou menm ki se pitit gason ak pitit fi "premye pitit mwen an, m ta vle pou nou ta koute pawòl mwen yo.

4 Paske Senyè Bondye a te di konsa: "Toutotan nou respekte kòmandman m yo, n ap pwospere nan peyi a; e toutotan ou pa respekte kòmandman m yo, m ap chase nou nan prezans mwen.

5 Men gade, pitit gason ak pitit fi m yo, m pa kapab desann nan tonb mwen san m pa kite yon "benediksyon sou nou; paske m konnen reyèlman si nou grandi nan ^bchemen nou dwe suiv la, nou p ap sòti ladan l.

6 Se poutèt sa, si nou modi, gade, m ap kite benediksyon m sou nou, pou malediksyon an kapab sòti sou nou pou l tonbe sou "tèt paran nou yo.

7 Konsa, poutèt benediksyon m nan Senyè Bondye a "p ap kite nou peri; men l ap gen ^bmizèrikòd pou nou ak desandan nou yo pou tout tan.

8 Epi, se te konsa, apre papa m te fin pale avèk pitit gason e avèk pitit fi Laman yo, li te fè mennen pitit gason ak pitit fi Lemyèl yo devan l.

9 Epi li te pale avèk yo, li di: Gade, pitit gason ak pitit fi m yo, nou menm ki se pitit gason ak pitit fi dezyèm pitit gason m

4 1a Jen. 39:1–2.

2a 2 Ne. 3:5.

3a GE Premye ne, premyene.

4a 2 Ne. 1:9.

5a GE Benediksyon patriyakal yo.

b Pwov. 22:6.

6a D&A 68:25–29.

7a 2 Ne. 30:3–6;

D&A 3:17–18.

b 1 Ne. 13:31;

2 Ne. 10:18–19;

Jakòb 3:5–9;

Ela. 15:12–13.

nan; m kite menm benediksyon m te kite pou pitit gason ak pitit fi Laman yo sou nou; konsa, ou p ap detwi nèt; men alafen desandan nou yo pral beni.

10 Epi, se te konsa, lè papa m te fin pale avèk yo, lè sa a, li te pale avèk pitit gason "Ismayèl yo, wi, ak tout fanmi l yo.

11 Epi apre l te fin pale avèk yo, li te pale avèk Sam, li di: Ou beni, desandan w yo tou; paske ou pral eritye peyi a menm jan avèk Nefi, frè w la. Epi desandan w y ap konte nan pami desandan li yo; e w ap menm jan avèk Nefi, frè w la, epi desandan ou yo ap tan-kou desandan li yo; e w ap beni pou tout lavi w.

12 Epi, se te konsa, apre papa m Leyi te fin pale avèk tout fanmi l yo, dapre santiman kè l ak Lespri Senyè a ki te nan li, li te vin granmoun. Epi, se te konsa, li te mouri, e nou te antere l.

13 Epi, se te konsa, pa anpil jou apre lanmò l, Laman, Lemyèl ak pitit gason Ismayèl yo te fache kont mwen poutèt reprimand Senyè a yo.

14 Paske, mwen menm Nefi, m te oblije pale avèk yo, dapre pawòl li; paske m te pale avèk yo anpil bagay, e papa m tou anvan lanmò l; anpil nan pawòl sa yo ekri sou "lèt plak mwen yo; paske plis nan pati istorik yo ekri sou lèt plak mwen yo.

15 Epi sou "plak sa yo, m ekri bagay nanm mwen, ak anpil ekriti ki ekri sou plakderen yo. Paske nanm mwen pran plèzi nan ekriti yo, e kè m ^bmedite sou yo, e m ekri yo pou "konesans ak pwofi pitit mwen yo.

16 Gade, "nanm mwen pran plèzi nan bagay Senyè a yo; e ^bkè m medite tout tan sou bagay m te tande ak wè yo.

17 Men, malgre gran "bonte Senyè a, lè l montre m gwo zèv mèveye li yo, kè m pale konsa: O, m se yon ^bnonm mizerab! Wi, kè m pran lapenn poutèt kò m; nanm mwen lamante poutèt inikite m yo.

18 Mwen antoure tout kote, poutèt tantasyon yo ak peche yo ki "bare m si fasilman.

19 Epi lè m vle rejwi m, kè m bougonnen poutèt peche m yo; malgre sa, m konnen nan kiyès m mete konfyans mwen.

20 Bondye m nan se te sipò m; li te kondi m nan afliksyon m yo atravè dezè a; e li te prezève m sou dlo lanmè byen fon an.

21 Li te chaje m avèk "lanmou li, jistan kò m ta boule.

22 Li te konfonn "ennmi m yo, jistan li fè yo tranble devan m.

23 Gade, li te tande kriye mwen lajounen, e li te ban m konesans nan "vizyon pandan nuit la.

24 Epi lajounen mwen te prezante m devan l kareman nan gwo "priyè; wi, m te leve vwa m

10a 1 Ne. 7:6.

14a 1 Ne. 1:16-17; 9:4.

15a 1 Ne. 6:4-6.

b GE Ekriti yo;
Médite.

c 1 Ne. 19:23.

16a GE Rekonesan,

remèsiman.

b GE Kè.

17a 2 Ne. 9:10;

D&A 86:11.

b Wom. 7:24.

18a Wom. 7:21-23;

Ebre 12:1;

Alma 7:15.

21a GE Lanmou, renmen.

22a 1 Ne. 17:52.

23a GE Vizyon.

24a Jak 5:16;

1 Ne. 2:16.

anlè; e zanj yo te desann e yo te sèvi m.

25 Epi zèl Lespri l te “transpòte kò m sou mòn ki wo anpil. Epi je m te wè anpil gwo bagay, wi, ki menm twò gwo pou lèzòm; se poutèt sa, m te resevwa kòmandman pou m pa ekri yo.

26 Enben, si m te wè bagay ki gwo konsa, si nan kondesandan-dans li pou pitit lèzòm, Senyè a te vizite lèzòm avèk mizèrikòd sa a, “poukisa kè m dwe kriye e nanm mwen dwe rete nan vale tristès la, epi kò m depafini, epi fòs mwen febli, poutèt afliksyon m yo?

27 Epi poukisa m ta bay “peche premyeplas, poutèt kò mwen? Wi, poukisa mwen ta lage m bay ^btantasyon, pou malen an gen plas nan kè m, pou l detwi ‘lapè m e pou l aflije nanm mwen? Poukisa m fache poutèt ènmi mwen?

28 Reveye w, nanm mwen! Pa rete drive nan peche. Rejwi ou, O kè mwen, e pa bay plas pou “enmi nanm mwen an ankò.

29 Pa fache ankò poutèt ènmi m yo. Pa febli fòs mwen poutèt afliksyon m yo.

30 Rejwi w, O kè mwen, kriye nan pye Senyè a, e di: O Senyè a, m ap louwe w pou tout tan; wi, nanm mwen ap rejwi nan ou, Bondye m nan, “wòch sali m nan.

31 O Senyè, èske ou vle rachte

nanm mwen? Èske w vle delivre m anba men ènmi m yo? Èske ou vle fè m tranble devan aparans “peche?

32 Se pou pòt lanfè yo fèmen tout tan devan m, poutèt “kè m brize e pou lespri m kontri! O Senyè, tanpri pa fèmen pòt lajistis ou yo devan m, pou m kapab ^bmache nan chemen vale plat la, pou m kapab dwat nan wout klè a!

33 O Senyè, tanpri vlope m nan wòb lajistis ou! O Senyè, tanpri ban m yon mwayen pou m chape devan ènmi m yo! Tanpri fè chemen an dwat devan m! Tanpri pa mete yon pyèdachopman nan chemen m—Okontrè, ou vle debarase chemen an devan m, e pa bare chemen m, men bare chemen ènmi m yo.

34 O Senyè, m te konfyè m nan ou, epi m ap “konfyè m nan ou pou tout tan. M p ap mete ^bkonfyans mwen nan ponyèt lachè; paske m konnen, moun ki mete “konfyans li nan ponyèt lachè, li modi. Wi, moun ki mete konfyans li nan lèzòm ou-byen ki depann sou ponyèt lachè, li modi.

35 Wi, m konnen Bondye ap bay moun ki mande a “libelibè. Wi, Bondye m nan ap ban mwen, si m pa ^bmande mal; se poutèt sa, m ap leve vwa m ba ou; wi, m ap kriye nan pye

25a 1 Ne. 11:1;
Moyiz 1:1–2.

26a Sòm 43:5.

27a Wom. 6:13.

b GE Tantasyon, tante.

c GE Lapè.

28a GE Dyab.

30a 1 Kor. 3:11.
GE Wòch.

31a Wom. 12:9;

Alma 13:12.

32a GE Kè brize.

b GE Mache, mache
avèk Bondye.

34a GE Konfyans, konfyè.

b Sòm 44:6–8.

c Jer. 17:5;

Mòm. 3:9; 4:8.

35a Jak 1:5.

b GE Priyè.

w, Bondye m nan, ‘wòch lajistis mwen an. Gade, vwa m ap monte jwenn ou pou tout tan, ‘wòch mwen an ak Bondye etènèl mwen an. Amèn.

CHAPIT 5

Nefit yo pa fè kò ak Lamanit yo, yo kenbe lalwa Moyiz la, e yo bati yon tanp—Poutèt enkwayans yo, Senyè a rejte Lamanit yo nan prezans li, yo modi, e yo tounen yon chatiman pou Nefit yo. Anviwon 588-559 ANVAN JEZIKRI.

GADE, se te konsa, mwen menm, Nefi, m te kriye anpil nan pye Senyè Bondye m nan, poutèt ‘kòlè frè m yo.

2 Men gade, kòlè yo te ogmante kont mwen tèlman, yo te vle detwi lavi m.

3 Wi, yo te plenyen kont mwen, yo te di konsa: Ti frè nou an vle ‘gouvène nou; epi nou te pase anpil traka poutèt li; se poutèt sa, an nou touye l, pou l pa aflije nou plis avèk pawòl li yo. Paske nou p ap aksepte l gouvène nou; paske se dwa pa nou, ki pi gran, pou nou gouvène pèp sa a.

4 M pa ekri tout pawòl yo te plenyen kont mwen sou plak sa yo. Men, li ase pou m di konsa, yo te chèche detwi lavi m.

5 Epi, se te konsa, Senyè a te ‘avèti m, mwen menm ^bNefi, pou m pati sòti nan pami yo e pou m sove ale nan dezè a, avèk

tout moun ki ta vle ale avèk mwen.

6 Se poutèt sa, se te konsa, mwen menm Nefi, m te pran fanmi m, e ^aZoram ak fanmi l, ak Sam, gran frè m nan ak fanmi l, ak Jakòb ak Jozèf, ti frè m yo, ak sè m yo, ak tout moun yo ki te vle ale avèk mwen. Epi tout moun yo ki te vle ale avèk mwen, se te yo menm ki te kwè nan ^bavètisman ak revelasyon Bondye yo; se poutèt sa, yo te koute pawòl mwen yo.

7 Epi nou te pran tant nou yo ak tout bagay ki te posib pou nou, epi nou te vwayaje nan dezè a pou anpil jou. Epi apre nou te fin vwayaje pandan anpil jou, nou te plante tant nou yo.

8 Epi pèp mwen an te vle pou nou rele kote a ^aNefi; se poutèt sa, nou te rele l Nefi.

9 Epi tout moun ki te avèk mwen yo te konsanti pou yo rele tèt yo ^apèp Nefi a.

10 Epi nou te eseye respekte jijman ak regleman ak kòmandman Senyè a yo nan tout bagay, dapre ^alalwa Moyiz la.

11 Epi Senyè a te avèk nou; e nou te pwospere anpil; paske nou te plante semans, epi nou te rekòlte ankò avèk abondans. Epi nou te kòmanse gade twoupo, ak bèt gadinaj, ak tout kalite bèt.

12 Epi tou, mwen menm Nefi, m te pote rejis ki te ekri sou ^aplakderen yo; ak ^bboul la, ou-

35c Ela. 10:5.

d Det. 32:4.

5 1a 2 Ne. 4:13-14.

3a 1 Ne. 16:37-38;
Mozya 10:14-15.

5a GE Enspirasyon,
enspire.

b Mozya 10:13.

6a 1 Ne. 4:35; 16:7;

2 Ne. 1:30-32.

b GE Avèti, avètisman.

8a Omni 1:12, 27;

Mozya 9:1-4; 28:1.

9a Jakòb 1:13-14.

10a 2 Ne. 11:4.

GE Lwa Moyiz.

12a Mozya 1:3-4.

GE Plak.

b Mozya 1:16.

byen ^ckonpa Senyè a te prepare avèk men l pou papa m, dapre sa ki ekri a.

13 Epi, se te konsa, nou te kòmanse pwospere anpil, e nou te multipliyè nan peyi a.

14 Epi mwen menm Nefi, m te pran ^aepe Laban an, m te fè anpil epe menm jan avèk li, pou si, petèt, pèp ki te rele ^bLamanit yo ta vin sou nou pou yo detwi nou; paske m te konnen lahèn yo kont mwen, kont pitit mwen yo ak kont moun yo te rele pèp mwen an.

15 Epi m te aprann pèp mwen an fè konstriksyon, ak tout kalite travay ak bwa, ak ^afè, ak kuiv, ak eren, ak metal, ak lò, ak lajan, ak melanj metal chè, ki te la an abondans.

16 Epi mwen menm Nefi, m te bati yon ^atanp; epi m te bati l tankou ^btanp Salomon an, eksepte li pa t bati avèk tout kalite ^cbagay chè sa yo; paske nou pa t kapab jwenn yo nan peyi sa a, se poutèt sa, li pa t kapab bati tankou tanp Salomon an. Men konstriksyon an te tankou tanp Salomon an; e kalite travay la te bèl anpil.

17 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te fè pèp mwen an vin ^atravayè, e pou yo travay avèk men yo.

18 Epi, se te konsa, yo te vle pou

m tounen ^awa yo. Men, mwen menm Nefi, m pa t vle yo gen onkenn wa; men m te fè sa m te kapab pou yo.

19 Epi gade, pawòl Senyè a yo te akonpli kont frè m yo, pawòl li te pale konsènan yo, ki te fè konnen m t ap vin tounen ^adirijan ak ^benstriktè yo. Se poutèt sa, m te tounen dirijan ak enstriktè yo, dapre kòmandman Senyè a yo, jis lè yo te vle detwi lavi m nan.

20 Konsa, pawòl Senyè a te pale avèk mwen an te akonpli, pawòl la ki te di konsa: Toutotan yo ^apa koute pawòl ou yo, Senyè a ap rejte yo nan prezans li. Epi, gade, li te ^brejte yo nan prezans li.

21 Epi, li te fè ^amalediksyon an tonbe sou yo, wi, yon gwo malediksyon, poutèt inikite yo. Paske, yo te fè kè di kont li; yo te vin di tankou wòch; se poutèt sa, kòm yo te blan, ak te ^bbèl anpil, e agreyab, Senyè Bondye a te fè ^cpo yo vin fonsè pou yo kapab pa sedui pèp mwen an.

22 Epi, Senyè Bondye a di: m ap fè yo vin tounen yon ^akochma devan pèp ou a, si yo pa repanti nan inikite yo.

23 Epi, desandan tout moun ki ^amelanje avèk desandan yo ap modi; paske, menm malediksyon an ap tonbe sou yo. Epi, Senyè a te di l, epi sa te fèt.

24 Epi, poutèt malediksyon ki

12c 1 Ne. 16:10, 16, 26;
18:12, 21;
Alma 37:38–47;
D&A 17:1.

14a 1 Ne. 4:9;
Jakòb 1:10;
P—M 1:13.

b GE Lamanit yo.

15a Etè 10:23.

16a GE Tanp, kay Senyè a.

b 1 Wa 6;
2 Kwo. 3.
c D&A 124:26–27.

17a Jen. 3:19;
D&A 42:42.

18a Jakòb 1:9, 11.

19a 1 Ne. 2:22.

b GE Ansenye,
enstriktè.

20a 2 Ne. 2:21.

b Alma 9:14.
21a GE Malediksyon,
Modi.

b 4 Ne. 1:10.

c 2 Ne. 26:33;

3 Ne. 2:14–16.

22a 1 Ne. 12:23.

23a GE Maryaj,
marye—Maryaj
kwayans diferan.

te sou yo a, yo te vin tounen yon “pèp parese, mètdam anpil, plen mechanste, e yo fè lachas dèyè bèt fewòs nan dezè a.

25 Epi, Senyè Bondye te di m: y ap tounen yon frèt pou desandan w yo, pou fè yo sonje m; e tout tan yo pa vle sonje m, pou yo koute pawòl mwen yo, y ap kale yo jistan yo detwi.

26 Epi, se te konsa, mwen menm Nefi, m te “konsakre Jakòb ak Jozèf prèt ak enstriktè nan peyi pèp mwen an.

27 Epi, se te konsa, nou te viv nan bonè.

28 Epi, trant ane te pase depi nou te kite Jerizalèm.

29 Epi, mwen menm Nefi, jis-kaprezan, m te kenbe istwa pèp mwen an sou plak m te fè yo.

30 Epi, se te konsa, Senyè Bondye a te di m: Fè “lòt plak; Epi, ou pral ekri anpil bagay sou yo, ki bon devan je m, pou avantaj pèp ou a.

31 Se poutèt sa, mwen menm Nefi, pou m kapab obeyi kòmandman Senyè a yo, m te ale, m te fè “plak sa yo, e m te ekri bagay sa yo sou yo.

32 Epi, m te ekri bagay ki fè Bondye plèzi. E si pèp mwen an pran plèzi nan zafè Bondye, y ap pran plèzi nan bagay m ekri sou plak sa yo.

33 Epi, si pèp mwen an vle konnen bagay ki pi nesesè nan istwa pèp mwen an, yo dwe fouye lòt plak mwen yo.

34 Epi, li ase pou m di karant ane te pase e nou te deja gen

lagè ak kontansyon avèk frè nou yo.

CHAPIT 6

Jakòb rakonte istwa Juif: Kaptivite yo nan Babilòn ak retou yo; ministè ak krisifiksyon Sen Izrayèl la; èd yo te resevwa nan men Janti yo; epi retablisman Juif yo nan dènnye-jou yo, lè yo kwè nan Mesi a. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

PAWÒL Jakòb, frè Nefi a, te pale avèk pèp Nefi a:

2 Gade frè byenneme m yo, mwen Jakòb, Bondye te chwazi m e m te resevwa òdinasyon dapre lòd sen li a, e frè m nan, Nefi, te konsakre m. Nefi nou gade tankou yon “wa ak yon pwotektè a, li menm ki plase pou pwoteje nou an, gade nou konnen m te pale nou yon pakèt bagay.

3 Men m ap pale avèk nou ankò; paske m vle byennèt nanm nou. Wi, m gen anpil sousi akoz nou; e nou konnen se konsa sa te toujou ye. Paske, m te egzète nou avèk anpil dilijans; m te ansenye nou pawòl papa m yo; epi m pale nou konsènan tout bagay ki te ekri, depi nan kreyasyon mond lan.

4 Epi, kounyeya, gade m vle pale nou konsènan bagay ki egziste, epi ki gen pou pase; se poutèt sa, m pral li pawòl “Ezayi yo pou nou. Epi, se pawòl sa yo frè m nan vle pou m pale nou. Epi, m ap pale nou pou byen nou; pou nou kapab aprann

24a GE Endolan,
Endolans.
26a Jakòb 1:18–19;

Mozya 23:17.
30a 1 Ne. 19:1–6.
31a GE Plak.

6 2a Jakòb 1:9, 11.
4a 3 Ne. 23:1.

epi pou nou kapab glorifye non Bondye nou an.

5 Epi, pawòl m pral li yo, se pawòl Ezayi te pale konsènan tout kay Izrayèl la; se poutèt sa, nou kapab pratike yo, paske nou fè pati nan pèp Izrayèl la. Epi, gen anpil bagay Ezayi pale, nou kapab pratike paske nou fè pati nan kay Izrayèl la.

6 Epi kounyeya, men pawòl yo: "Men sa Senyè Bondye a di: Gade, m pral leve men m sou Janti yo, epi m pral leve ^bdrapo m devan pèp yo; epi yo pral pote pitit gason nou yo sou ponyèt yo e yo pral pote pitit fi nou yo sou zèpòl yo.

7 Epi, wa yo pral sèvi nou tankou papa pou nouri yo, e rèn yo pral ba nou manje; yo pral bese tèt devan nou, ak figi yo gade atè, e yo pral niche pousyè nan pye nou; e nou pral konnen m se Senyè a; paske moun k ap "rete tann mwen yo p ap wont.

8 Epi, kounyeya, mwen menm Jakòb, m ta vle yon jan pale konsènan pawòl sa yo. Paske Senyè a te montre m moun ki nan "Jerizalèm yo depi lè nou te pati a, yo te touye yo e yo te ^bmennen yo prizonye.

9 Men, Senyè a te montre m yo pral "retounen ankò. Epi li te montre m tou Senyè Bondye, Sen

Izrayèl la pral manifeste tèt li devan yo nan kò fizik la; e apre l fin manifeste tèt li, yo pral bat li e yo pral ^bkrisifye l, dapre pawòl zanj la te pale avèk mwen an.

10 Epi, apre yo fin fè kè di ak kou yo rèd kont Sen Izrayèl la, lè sa a, gade "jijman Sen Izrayèl l ap tonbe sou yo. Epi, yon jou pral vini, yo pral modi e yo pral tonbe nan afliksyon.

11 Epi, zanj la te di, lè moun fin chase yo pasi-pala, anpil pral aflije nan kò fizik la, men Senyè a p ap kite yo peri, poutèt priyè moun ki gen lafwa yo; yo pral dispèse, moun pral bat yo, e moun pral rayi yo; men, Senyè a pral gen mizèrikòd pou yo, "lè yo vin ^bkonnen Redanmtè yo a, y ap vin "rasanble ansanm ankò nan tè eritaj yo a.

12 Epi, "Janti yo pwofèt la t ap pale a pral beni, paske si yo repanti e si yo pa goumen kont Siyon, e si yo pa reyini tèt yo avèk ^bgwo legliz abominab la, y ap sove; paske Senyè Bondye a pral akonpli "alyans li te fè avèk pitit li yo; e se poutèt sa, pwofèt la te ekri bagay sa yo.

13 Se poutèt sa, moun ki goumen kont Siyon, ak pèp alyans Senyè a a, pral niche pousyè nan pye yo; e pèp Senyè a p ap "wont. Paske, pèp Senyè a se

6a Eza. 49:22-23.

b GE Banyè.

7a D&A 133:45;

Moyiz 1:6.

8a Estè 2:6;

1 Ne. 7:13;

2 Ne. 25:10;

Omni 1:15;

Ela. 8:20-21.

b 2 Wa 24:10-16;

25:1-12.

GE Izrayèl—

Dispèsyon Izrayèl la.

9a 1 Ne. 10:3.

b 1 Ne. 19:10, 13;

Mozya 3:9;

3 Ne. 11:14-15.

GE Krisifiksyon.

10a Mat. 27:24-25.

11a 1 Ne. 22:11-12;

2 Ne. 9:2.

b Oze 3:5.

c GE Izrayèl—

Rasanbleman

Izrayèl la.

12a 1 Ne. 14:1-2;

2 Ne. 10:9-10.

b GE Dyab—

Legliz dyab la.

c GE Alyans Abraram.

13a 3 Ne. 22:4.

moun k ap ^brete tann li yo; paske jis kounyeya y ap ret tann aparisyon Mesi a.

14 Epi, dapre pawòl pwofèt la, Mesi a pral tabli tèt li ankò pou l pote yo sekou yon ^adezyèm fwa; se poutèt sa, li pral ^bmanifeste tèt li devan yo ankò nan pouvwa ak anpil laglwa pou l ^cdetwi ènmi yo, lè jou sa rive, lè yo kwè nan li; e li p ap detwi onkenn moun ki kwè nan li.

15 Epi, moun ki pa kwè nan li, y ap ^adetwi nan ^bdife ak tanpèt, ak tranbleman tè, ak masak, ak ^clapès, ak famin. E, y ap konnen Senyè a se Bondye, li se Sen Izrayèl la.

16 ^aPaske, èske yo kapab sezi yon prizonye nan men yon nonm puisan, oubyen èske yo kapab libere yon prizonye ^blalwa kondane?

17 Men sa Senyè a di: Menm ^aprizonye yon nonm fò pral sòti nan men l, e sa yon nonm te sezi nan batay gen pou yo delivre, paske ^bBondye Toupuisan an pral ^cdelivre pèp alyans li. Paske Senyè a di: M ap fè kont avèk moun ki fè kont avèk nou—

18 Epi, moun ki matirize nou, m ap fè yo manje chè ki sou kò pa yo; e yo pral sou avèk pwòp san pa yo tankou moun ki bwè

diven dous; epi tout moun ap konnen, Mwen menm, Senyè a, m se Sovè nou ak ^aRedanmtè nou, ^bToupuisan Jakòb la.

CHAPIT 7

Jakòb kontinye li nan Ezayi a: Ezayi pale sou Mesi a—Mesi a pral gen lang moun save—Li pral bese do Li devan bouwo L yo—yo p ap kapab konfonn Li—Konpare Ezayi 50. Anviwon 559–545 AN-VAN JEZIKRI.

WI, Senyè a di konsa: Èske m te voye nou nan kwen, oubyen, èske m te chase w pou tout tan? Senyè a di konsa: Kote papye divòs manman w? Kote ki moun m te voye w, oubyen bay kiyès nan moun mwen dwe yo m te vann ou? Wi, bay kiyès m te vann ou? Gade w, poutèt inikite ou, ou te ^avann tèt pa w, e poutèt transgresyon ou yo, m voye manman w nan kwen.

2 Se poutèt sa, lè m te vini pa t gen onkenn moun; wi, lè m te ^arele pa t gen onkenn moun pou reponn. O kay Izrayèl la, èske men m vin kout ki fè l pa kapab rachte pèsonn, oubyen èske m pa gen pouvwa pou m delivre pèsonn? Lè m pase lòd, ^blanmè a seche, m fè ^crivyè yo tounen yon dezè, e m fè ^dpwason yo

13b Eza. 40:31;
1 Ne. 21:23;
D&A 133:45.

14a Eza. 11:11;
2 Ne. 25:17; 29:1.
b 2 Ne. 3:5.

c 1 Ne. 22:13–14.
15a 2 Ne. 10:16; 28:15;
3 Ne. 16:8.
GE Dènye jou yo.
b Jakòb 6:3.

c D&A 97:22–26.

16a Eza. 49:24–26.
b svd pèp alyans
Senyè a, tankou l
di nan vèsè 17.

17a 1 Ne. 21:25.
b GE Jewova.
c 2 Wa 17:39.
18a GE Redanmtè.
b Jen. 49:24;
Eza. 60:16.

7 1a GE Apostazi.
2a Pwov. 1:24–25;
Eza. 65:12;
Alma 5:37.
b Egz. 14:21;
Sòm 106:9;
D&A 133:68–69.
c Joz. 3:15–16.
d Egz. 7:21.

santi paske dlo yo seche, e yo mouri anba swaf.

3 M abiye syèl yo tou ^anwa, e m kouvri yo avèk ^bsak.

4 Senyè Bondye a te ban m ^alangaj moun save pou m kapab konnen kòman pou m pale avèk ou lè tan an rive, O kay Izrayèl la. Lè w fatigue, li reveye maten apre maten. Li reveye zòrèy mwen pou m tande tankou moun save.

5 Senyè Bondye a te louvri ^azòrèy mwen, e m pa t fè rebèl ni tou m pa t vire do ba li.

6 M te bese do m bay ^abouwo yo, e m te lonje figi m bay moun ki t ap rache bab mwen yo. M pa t kache figi m anba wont ak kra-che.

7 Paske, Senyè Bondye a pral ede m, se poutèt sa, yo p ap kapab konfonn mwen. Se poutèt sa, m fè figi m di tankou yon wòch, e m konnen m p ap wont.

8 Senyè a tou pre, e li jistifye m. Kiyès ki kapab goumen avèk mwen? An nou kanpe ansanm. Kote advèsè mwen an? Kite l vin prè m, epi m ap frape l avèk fòs bouch mwen.

9 Paske, Senyè Bondye a pral ede m. Epi tout moun ki ^akon-dane m, gade, y ap vin gran-moun tankou yon vye rad, e vèmin ap manje yo.

10 Kiyès nan pami nou ki pè Senyè a, ki obeyi ^avwa sèvitè l

yo, ki mache nan fènwa e ki pa gen limyè?

11 Gade, ou menm ki limen dife, ki antoure kò ou avèk eten-sèl, mache nan limyè ^adife w la ak nan etensèl ou te limen an. Men sa m ap ba ou—w ap dòmi nan tristès.

CHAPIT 8

Jakòb kontinye li nan Ezayi: Nan dènye jou yo, Senyè a pral rekon-fòte Siyon, epi Li pral rasanble Iz-rayèl—Moun ki sove yo pral vin nan Siyon, nan mitan gran la-jwa—Konpare Ezayi 51 ak 52:1–2. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

KOUTE m, ou menm k ap chè-che lajistis. Gade ^awòch kote ou te sòti a ak twou kote yo te rale w sòti a.

2 Gade ^apapa w, Abraram ak manman w ^bSara, li menm ki te pote ou la; paske m te rele Abra-ram, e m te beni l.

3 Paske Senyè a pral konsole ^aSiyon, li pral konsole tout plas vid li yo; e li pral fè ^bdezè li yo vin tankou Edenn, epi dezè yo pral vin tankou jaden Senyè a. Pral gen lajwa, kontantman, re-mèsiman ak vwa k ap chante.

4 Koute m, pèp mwen an; e louvri zòrèy ou ban mwen, O, nasyon m nan; paske yon ^alalwa pral sòti nan mwen, e m pral fè jijman m sèvi yon ^blimyè pou pèp mwen an.

3a Egz. 10:21.

b Apok. 6:12.

4a Lik 2:46–47.

5a D&A 58:1.

6a Mat. 27:26;

2 Ne. 9:5.

9a Wom. 8:31.

10a D&A 1:38.

11a Jij 17:6.

8 1a GE Wòch.

2a Jen. 17:1–8;

D&A 132:49.

b Jen. 24:36.

3a GE Siyon.

b Eza. 35:1–2, 6–7.

4a OUBYEN ansèyman,

oubyen doktrin.

Eza. 2:3.

GE Levanjil.

b GE Limyè, limyè Kris.

5 Lajistis mwen an tou pre, "sali m nan te pwopaje e ponyèt mwen pral jije pèp la. ^bZile yo pral ret tann mwen, e yo pral fè ponyèt mwen konfyans.

6 Leve je w, gade nan syèl, e bese je w gade anba sou tè a; paske "syèl yo pral ^bdisparèt tankou lafimen, e tè a pral vin 'granmoun tankou yon vye rad, e moun ki ret sou li yo pral mouri menm jan an. Men sali m ap pou tout tan, e lajistis mwen p ap aboli.

7 Koute m, ou menm ki konnen lajistis, pèp ki gen lalwa m ekri nan kè li a. Pa "pè kritik lèzòm, e pa pè jouman yo.

8 Paske, vèmin pral manje yo tankou yon rad, e vè pral manje yo tankou lenn. Men lajistis mwen ap pou tout tan epi sali m pral depi nan yon jenerasyon a nan yon lòt.

9 Reveye w, reveye w! O, ponyèt Senyè a, mete "fòs ou deyò; reveye w tankou nan tan lontan. Èske se pa ou menm ki te koupe tè Raab e ki te blese dragon an?

10 Èske se pa ou menm ki te seche lanmè a, dlo ki fon anpil la; ou menm ki te fè yon "wout sou pwofondè lanmè a pou rachte yo te pase?

11 Se poutèt sa, moun Senyè a te "rachte yo pral retounen, e yo pral vin nan Siyon avèk ^bmizik;

e lajwa etènèl ak sentete pral sou tè yo: e yo pral resevwa konstantman ak lajwa; tristès ak 'la-mantasyon pral vole ale.

12 Se "mwen menm; wi, se mwen menm ki konsole w. Kisa ou ye pou ou ^bpè lòm ki pral mouri; e pitit lòm nan ki pral vin tankou 'zèb?

13 Epi, pou w "bliye Senyè a ki te fè w la, ki te mezire syèl la, e ki te fè fondasyon tè a, e pou w pè kontinyèlman chak jou, poutèt kòlè opresè a, kòmsi li te pare pou l detwi ou? E kote kòlè opresè w la?

14 Prizonye an egzil la pral libere, e li k ap mouri nan twou a, ni tou p ap manke pen l.

15 Men, m se Senyè Bondye w la, "vag mwen yo te gwonde; non mwen se Senyè tout Lame yo.

16 E m te mete pawòl mwen yo nan bouch ou, e m te kouvri ou anba lonbraj men mwen, pou m kapab gani syèl yo, pou m kapab fè fondasyon tè a, e pou m kapab di Siyon: gade, ou se "pèp mwen an.

17 Reveye, reveye, kanpe, O Jerizalèm, ou menm ki te bwè nan "tas ^bkòlè ki te nan men Senyè a—ou te souse dènye kras ma nan tas kòlè a—

18 Epi pa t gen onkenn moun pou mennen l nan pami tout pitit gason li te fè yo; ni tou pa t

5a GE Sali.

b 2 Ne. 10:20.

6a 2 Pyè 3:10.

b NLE li vle di dispèse.

Sòm 102:25-27.

c NLE li vle di gate oubyen pouri.

7a Sòm 56:4, 11; D&A 122:9.

9a D&A 113:7-8.

10a Eza. 35:8.

11a GE Redanmtè, restablisman, redanmsyon.

b Eza. 35:10.

c Apok. 21:4.

12a D&A 133:47; 136:22. b Jer. 1:8.

c Eza. 40:6-8;

1 Pyè 1:24.

13a Jer. 23:27.

15a 1 Ne. 4:2.

16a 2 Ne. 3:9; 29:14.

17a Eza. 29:9;

Jer. 25:15.

b Lik 21:24.

gen youn nan pitit gason li te fè yo ki te kenbe men l.

19 De “pitit gason sa a yo vin jwenn ou, kiyès k ap gen lapenn pou ou—dezolasyon ou ak destriksyon ou la, famin nan ak epe a—e kiyès m pral fè konsole ou?

20 Pitit gason w yo te pèdi konesans, eksepte de sa yo; yo kouche nan tout lari yo; tankou yon bèf sovaj ki pran nan pèlen, yo ranpli avèk kòlè Senyè a, reprimand Bondye w la.

21 Se poutèt sa, tande sa kounyeya, ou menm ki aflije, ki “sou san w pa bwè diven:

22 Senyè w la di konsa, Senyè ak Bondye ou la ap “plede kòz pèp li a; gade, m te retire tas plen kòlè m nan nan men ou, dènye kras tas kòlè m nan; ou p ap bwè l ankò.

23 Men, “m pral mete l nan men moun k ap aflije ou yo; ki te di nanm ou konsa: Bese tèt ou pou nou kapab pase sou ou—e ou te lonje kò ou plat tankou tè a, e tankou lari a pou moun ki te pase yo.

24 “Reveye, reveye, mete ^bfòs sou ou, O ‘Siyon; mete bèl rad ou sou ou, O Jerizalèm, ou menm vil ki sen an; paske apati jodi a, ensikonsi yo ak malpwòp yo ^ap ap vin kote ou ankò.

25 Retire pousyè a sou kò w; ^aleve, chita, O Jerizalèm; lage ^bkòd ki mare kou ou la, O ou menm pitit fi kaptif Siyon an.

CHAPIT 9

Jakòb eksplike ke Juif yo pral rasanble nan tout tè pwomiz yo—Ekspyasyon an rachte lèzòm anba Chit Adan an—Kò mò yo pral sòti nan tonb yo epi lespri yo pral sòti nan lanfè ak paradi—Yo pral jije—Ekspyasyon an sove moun anba lanmò, lanfè, dyab la ak touman san fen an—Jis yo pral sove nan wayòm Bondye a—Chatiman pou peche tabli—Sen Izrayèl la se gadyen pòt la. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

E, FRÈ byenneme m yo, m te li bagay sa yo pou Nou kapab konnen konsènan “alyans Senyè a te fè avèk tout kay Izrayèl la—

2 Alyans li te pale Juif yo pa mwayen bouch pwofèt sen li yo, menm depi nan kòmansman, pran depi nan yon jenerasyon jis nan yon lòt jenerasyon, jistan lè a rive pou yo “retabli vrè legliz la, ak twoupo Bondye a; lè yo ^brasanble lakay yo sou ^ctè eritaj yo a, e lè yo etabli nan tout tè pwomiz yo a.

3 Gade, frè byenneme m yo, m pale nou pawòl sa yo pou nou kapab rejwi, e pou nou ^aleve tèt nou pou tout tan, poutèt benediksyon Senyè Bondye a pral vide sou tèt pitit nou yo.

4 Paske m konnen anpil moun nan pami nou te chèche konnen bagay ki dwe rive yo; se poutèt

19a Apok. 11:3.

21a 2 Ne. 27:4.

22a Jer. 50:34.

23a Zak. 12:9.

24a Eza. 52:1–2.

b D&A 113:7–8.

c GE Siyon.

d Jowèl 3:17.

25a svd sòti nan salte epi rete diy, sove an denyè.

b D&A 113:9–10.

9 1a GE Alyans Abraram.

2a 2 Ne. 6:11.

GE Retablisman levanjil la.

b GE Izrayèl—Rasanbleman Izrayèl la.

c 2 Ne. 10:7–8.

GE Tè pwomiz.

3a TJS Sòm 24:7–10 (Apendis).

sa m konnen nou konnen kò nou dwe vyeyi pou l mouri, men, malgre sa, n ap wè Bondye avèk "kò fizik nou.

5 Wi, m konnen nou konnen, avèk kò fizik li a, li pral fè moun ki nan Jerizalèm yo, kote nou te sòti a wè l; paske li nesesè pou sa fèt nan pami yo; paske li te nesesè pou gran "Kreyatè a kite kò fizik li soumèt devan lèzòm, pou l mouri pou ^btout moun, pou tout moun kapab vin soumèt yo devan l.

6 Paske, kòm lanmò te pase sou tout moun, pou akonpli "plan mizèrikòd gran Kreyatè a, dwe gen yon pouvwa ^brezirèksyon, e rezirèksyon an dwe vini pou lèzòm, poutèt "chit Adan an; e chit Adan an te fèt poutèt transgresyon; e poutèt lèzòm te vin "tonbe, Senyè a te rejte yo nan prezans li.

7 Se poutèt sa, dwe gen yon "ekspyasyon ^benfini—si pa t gen yon ekspyasyon enfini koripsyon sa a pa t ap kapab vin enkoriptib. Se poutèt sa, "premye jijman ki te tonbe sou lèzòm nan t ap "dire pou tout tan. Epi konsa, kò sa a t ap tonbe pou l

pouri, pou l tounen pousyè tankou manman l, ki se tè a, pou l pa janm leve ankò.

8 O "sajès Bondye, ^bmizèrikòd li ak "lagras li! Paske si "kò a pa t ap janm leve, lespri nou t ap soumèt li anba zanj sa a ki te "tonbe sòti nan prezans Bondye Etènèl la e ki te vin tounen ^fdyab la, pou l pa janm leve ankò.

9 Epi lespri nou t ap vin tankou l, e nou t ap vin tounen dyab, "zanj yon dyab, pou yo ^bfèmen nou deyò nan prezans Bondye nou an, e pou nou rete avèk papa "manti yo nan mizè tankou limenm; wi, anba èt sa ki te "twonpe premye paran nou yo, ki te "transfòme kò l prèske tankou yon ^fzanj limyè, e k ap eksite pitit lèzòm nan "konbinezon sekre asasina ak tout kalite zèv sekre fènwa.

10 O, bonte Bondye nou an gran anpil, li prepare yon fason pou nou chape anba priz mons terib sa a; wi, mons sa a, "lanmò ak ^blanfè m rele lanmò kò a ak lanmò lespri a.

11 Epi poutèt chemen "delivrans Bondye nou an, Sen

4a Jòb 19:26;
Alma 11:41-45;
42:23;
Ela. 14:15;
Mòm. 9:13.

5a GE Kreyasyon, kreye.
b Jan 12:32;
2 Ne. 26:24;
3 Ne. 27:14-15.

6a GE Plan redanmsyon.
b GE Rezirèksyon.
c GE Chit Adan ak Èv.
d 2 Ne. 2:5.

7a Alma 34:10.
b GE Ekspyasyon,
ekspye.

c Mozya 16:4-5;
Alma 42:6, 9, 14.
d Mozya 15:19.

8a Jòb 12:13;
Abr. 3:21.
GE Sajès.
b GE Mizèrikòd.
c GE Gras.
d D&A 93:33-34.
e Eza. 14:12;

2 Ne. 2:17-18;
Moyiz 4:3-4;
Abr. 3:27-28.
f GE Dyab.

9a Jakòb 3:11;
Alma 5:25, 39.

b Apok. 12:7-9.
c GE Manti.

d Jen. 3:1-13;
Mozya 16:3;
Moyiz 4:5-19.
e 2 Kor. 11:14;
Alma 30:53.

f D&A 129:8.
g GE Konbinezon
sekre.

10a Mozya 16:7-8;
Alma 42:6-15.

b GE Lanfè.
11a GE Liberatè.

Izrayèl la, ^blanmò m te pale a, ki se lanmò tanporèl la, pral delivre mò li yo; lanmò sa ki se tonb la.

12 Epi ^alanmò sa m te pale a, ki se lanmò espiyèl la pral delivre mò l yo; lanmò espiyèl sa a se ^blanfè; se poutèt sa, lanmò ak lanfè dwe delivre mò yo, e lanfè dwe delivre lespri prizonye li yo, e tonb la dwe delivre kò prizonye li yo, e kò lèzòm ak ^clespri yo pral vin ^drestore youn nan lòt; e se avèk pouvwa rezirèksyon Sen Izrayèl la.

13 O, ^aplan Bondye nou an gran anpil! Paske, nan yon lòt sans, ^bparadi Bondye a dwe delivre lespri moun ki jis yo, epi tonb la dwe delivre kò moun ki jis yo; e lespri a ak kò a ^crestore ansanm ankò, e tout moun pral vin enkoriptib, ^dimòtèl, e yo se nanm vivan, yo gen yon ^ekonesans ^fpafè tankou nou menm ki nan kò fizik la, eksepte, konesans nou pral vin pafè.

14 Se poutèt sa, nou pral gen yon ^akonesans pafè konsènan tout ^bfòt nou, ak salte nou ak ^ctoutouni nou; e moun ki jis yo pral gen yon konesans pafè konsènan bonè yo, e ^djistis yo,

paske yo pral ^ekouvri avèk ^fsen-tete, wi, reyèlman avèk ^gwòb lajistis la.

15 E, se pral konsa, lè tout moun fin sòti anba premye lanmò a pou yo gen lavi, jistan yo vin imòtèl, yo dwe prezante yo devan ^afotèy jijman Sen Izrayèl la; lè sa a, ^bjijman an pral vini, lè sa a, yo dwe jije dapre jijman sen Bondye a.

16 Epi asireman, menm jan Senyè a vivan, paske Senyè Bondye a te pale sa, e se ^apawòl lètènèl li, ki pa kapab ^bfini, li te di, moun ki jis yo ap toujou rete jis, e moun ki ^csal yo ap toujou rete sal; konsa, moun ki ^dsal yo se ^edyab la ak zanj li yo; e yo prale nan ^fdife san fen an, ki te prepare pou yo; e touman yo tankou yon ^glak dife ak souf, flanm dife sa monte pou tout tan e li pa gen finisman.

17 O, grandè ak ^ajistis Bondye nou an! Paske li egzekite tout pawòl li yo, yo te sòti nan bouch li e lalwa li dwe akonpli.

18 Men, gade, moun ki jis yo, ^asen yo ki pou Sen Izrayèl la, moun yo ki te kwè nan Sen Izrayèl la, moun yo ki te pote ^bkwa mond lan, e ki te meprize wont

11 *b* GE Lanmò, fizik.

12 *a* GE Lanmò espiyèl.

b D&A 76:81-85.

c GE Lespri.

d GE Rezirèksyon.

13 *a* GE Plan redanmsyon.

b D&A 138:14-19.

GE Paradi.

c Alma 11:43.

d GE Imòtalite, imòtèl.

e GE Pafè.

f D&A 130:18-19.

14 *a* Mozya 3:25;

Alma 5:18.

b GE Remò.

c Mòm. 9:5.

d GE Jis, jistis.

e Pwov. 31:25.

f GE Pi, pite.

g D&A 109:76.

15 *a* GE Jijman, Dènye a.

b Sòm 19:9;

2 Ne. 30:9.

16 *a* 1 Wa 8:56;

D&A 1:38;

Moyiz 1:4.

b D&A 56:11.

c GE Sal, salte.

d 1 Ne. 15:33-35;

Alma 7:21;

Mòm. 9:18;

D&A 88:35.

e GE Dyab.

f Mozya 27:28.

g Apok. 21:8;

2 Ne. 28:23;

D&A 63:17.

17 *a* GE Jistis.

18 *a* GE Sen (non).

b Lik 14:27.

mond lan, ^cy ap eritye ^dwayòm Bondye a, ki te prepare pou yo ^edepi nan fondasyon mond la, e lajwa yo ap total ^fpou tout tan.

19 O, grandè mizèrikòd Bondye nou an, Sen Izrayèl la! Paske li ^adelivre sen li yo anba ^bmons terib sa a, dyab la, ak lanmò, ak ^clanfè, ak lak dife ak souf sa a, ki se touman san fen an.

20 O, ^asentete Bondye nou an gran anpil! Paske li ^bkonnen tout bagay e pa gen anyen li pa konnen.

21 Epi li vini nan mond lan pou l kapab ^asove tout moun ki koute vwa l; paske gade, li soufri doule tout moun, wi ^bdoulè tout kreyati vivan, ni gason, ni fi, ak timoun ki fè pati nan fanmi ^cAdan an.

22 Epi li soufri sa a pou rezisyon an kapab vini pou tout moun, pou tout moun kapab kanpe devan l nan gran jou jijman an.

23 Epi li kòmande tout moun pou yo ^arepanti, e pou yo ^bbatize nan non l, pou yo gen yon lafwa pafè nan Sen Izrayèl la, san sa yo pa kapab sove nan wayòm Bondye a.

24 Epi si yo pa repanti, kwè

nan ^anon l, batize nan non l, e ^bpèsevere jiska lafen, yo dwe ^cdane; paske Senyè Bondye a, Sen Izrayèl la te di sa.

25 Se poutèt sa, a li te bay ^alalwa a; e kote ki ^bpa gen lalwa, pa gen chatiman; e kote ki pa gen chatiman, pa gen kondansasyon; e kote ki pa gen kondansasyon, mizèrikòd Sen Izrayèl la gen pouvwa sou yo, poutèt ekspyasyon an; paske pouvwa l delivre yo.

26 Paske ^aekspyasyon an satisfè egzijans ^blajistis li a sou tout moun ki ^cpa t resevwa ^dlalwa a, konsa yo delivre anba mons terib sa a, lanmò ak lanfè a, ak dyab la, lak dife ak souf la, ki se touman san fen an; e yo restore pou Bondye sa a ki te ba yo ^esouf la, ki se Sen Izrayèl la.

27 Men, malè moun ki resevwa ^alalwa a, wi, ki resevwa tout kòmandman Bondye yo, tankou nou, e ki transgrese yo, e ki gaspiye jou eprèv li yo, paske ka l ap grav!

28 O, ^aplan mètdam malen an! O, ^bvanite ak frajilite, ak foli lèzòm! Lè yo ^csave, yo panse yo gen ^dlasajès e yo pa koute ^ekon-

18c D&A 45:58; 84:38.

d GE Egzaltasyon.

e Alma 13:3.

f GE Lavi etènèl.

19a D&A 108:8.

b 1 Ne. 15:35.

c GE Lanfè.

20a GE Sentete.

b Alma 26:35;
D&A 38:2.

21a GE Sali.

b D&A 18:11; 19:18.

c GE Adan.

23a GE Repantans, repanti.

b GE Batèm, batize.

24a GE Jezikri—Pran non

Jezikri avèk nou.

b GE Pèsevere.

c GE Danasyon, dane.

25a Jak 4:17.

GE Lwa.

b Wom. 4:15;

2 Ne. 2:13;

Alma 42:12–24.

GE Responsab,
responsablite.

26a 2 Ne. 2:10;

Alma 34:15–16.

GE Ekspyasyon,
ekspye.

b GE Jistis.

c Mozya 3:11.

d Mozya 15:24;

D&A 137:7.

e Jen. 2:7;

D&A 93:33;

Abr. 5:7.

27a Lik 12:47–48.

28a Alma 28:13.

b GE Anven, vanite.

c Lik 16:15;

2 Ne. 26:20; 28:4, 15.

d Pwov. 14:6; Jer. 8:8–9;

Wom. 1:22.

GE Lògèy;

Sajès.

e Alma 37:12.

GE Konsèy (non).

sèy Bondye, yo voye l sou kote, paske yo panse yo konnen pou tèt pa yo, se poutèt sa, lasajès yo a se foli e li pa sèvi yo anyen. E y ap peri.

29 Men, li bon pou moun save, si yo "koute ^bkonsèy Bondye.

30 Men malè moun ki "rich, ki rich avèk bagay mond lan. Paske, poutèt yo rich, yo me-prize ^bpòv yo, yo pèsèkite moun ki dou yo e yo mete lide yo sou trezò; se poutèt sa trezò yo se bondye yo. Epi gade, trezò yo pral peri avèk yo tou.

31 Epi, malè moun soud ki pa vle "tande; paske y ap peri.

32 Malè avèg ki pa vle wè; paske y ap peri tou.

33 Malè moun ki pa sikonsi kè yo, paske konesans inikite yo pral frape yo nan dènnye jou a.

34 Malè yon "mantè, paske l ap desann nan ^blanfè.

35 Malè yon asasen ki "touye moun ak premeditasyon, paske l ap ^bmouri.

36 Malè moun ki fè "abominasyon seksyèl, paske y ap voye yo desann nan lanfè.

37 Wi, malè moun k ap "adore zidòl, paske tout dyab yo pran plèzi nan yo.

38 Epi, alafen, malè tout moun ki mouri nan peche yo; paske y ap "retounen jwenn Bondye, e y ap wè figi l, e y ap rete nan peche yo.

39 O, frè byenneme m yo, sonje kòman li terib pou moun ki transgrese kont Bondye Sen sa a, e tou kòman li terib pou moun koute tantasyon nonm "mèt dam sa a. Sonje, lè moun gen ^bpanse chanèl, se "lanmò, e lè moun gen panse espiritiyèl, se "lavi "etènèl.

40 O, frè byenneme m yo, koute pawòl mwen yo. Sonje grandè Sen Izrayèl la. Pa di m pale pawòl ki di kont nou; paske si nou di sa a, n ap revòlte kont "verite a; paske m te pale pawòl Kreyatè nou an. M konnen pawòl verite yo ^bdi kont tout salte; men jis yo pa pè pawòl sa yo, paske yo renmen verite a e yo pa tranble.

41 Kounyeya, frè byenneme m yo, "vin jwenn Senyè a, Nonm Sen an. Sonje, wout li yo jis. Gade, ^bchemen an "etwat pou lèzòm, men li dwat devan yo e gadyen "pòt la se Sen Izrayèl la; li pa anlwaye okenn sèvitè nan pòt la; e pa gen okenn lòt chemen eksepte pòt la; paske

29a 2 Ne. 28:26.

b Jakòb 4:10.

30a Lik 12:34;

1 Tim. 6:10;

D&A 56:16.

b GE Pòv.

31a Ezek. 33:30-33;

Mat. 11:15;

Mozya 26:28;

D&A 1:2, 11, 14;

Moyiz 6:27.

34a Pwov. 19:9.

GE Manti;

Onèt, onètete.

b GE Lanfè.

35a Egz. 20:13;

Mozya 13:21.

b GE Pinisyon kapital.

36a 3 Ne. 12:27-29.

GE Chastete.

37a GE Idolatri.

38a Alma 40:11, 13.

39a 2 Ne. 28:20-22; 32:8;

Mozya 2:32; 4:14;

Alma 30:53.

b Wom. 8:6.

GE Chanèl.

c GE Lanmò espiritiyèl.

d Pwov. 11:19.

e GE Lavi etènèl.

40a GE Verite.

b 1 Ne. 16:2;

2 Ne. 28:28; 33:5.

41a 1 Ne. 6:4; Jakòb 1:7;

Omni 1:26;

Mowo. 10:30-32.

b 2 Ne. 31:17-21;

Alma 37:46;

D&A 132:22, 25.

c Lik 13:24;

2 Ne. 33:9;

Ela. 3:29-30.

d 2 Ne. 31:9, 17-18;

3 Ne. 14:13-14;

D&A 43:7; 137:2.

moun pa kapab twonpe l, paske non li se Senyè Bondye a.

42 Epi nenpòt moun ki frape, l ap louvri pou li; e moun ki "saj yo, ak moun ki save yo, ak rich yo ki ^bgonfle kò yo poutèt konesans yo ak lasajès yo, ak richès yo—wi, se moun sa yo li meprize; e si yo pa voye bagay sa sou kote, e si yo pa konsidere tèt yo tankou moun "sòt devan Bondye, epi desann nan pwofondè ^dimilite, li p ap louvri pou yo.

43 Men, zafè moun ki saj yo ak moun ki pridan yo pral "kache devan yo pou tout tan—wi, bonè sa a ki te prepare pou sen yo.

44 O, frè byenneme m yo, sonje pawòl mwen yo. Gade, m retire wòb mwen e m souke l devan nou; m priye Bondye sali m nan pou l kapab gade m avèk "je l yo ki wè toupato a; Se poutèt sa, n ap konnen nan dènye jou yo, lè tout moun ap pase anba jijman pou zèw yo, Bondye Izrayèl la te temwen lè m ^bretire inikite nou yo nan nanm mwen, e m kanpe avèk klète devan l, e m ^cdebarase m avèk san nou.

45 O, frè byenneme m yo, vire do bay peche nou yo; souke "chenn moun sa a ki ta vle mare nou di a; vin jwenn Bondye sa a ki se ^bwòch sali nou an.

46 Prepare nanm nou pou jou laglwa sa a, lè "lajistis pral admistrè pou jis yo, jou ^bjijman sa a menm, pou nou kapab pa fè bak avèk krent terib; pou nou kapab pa sonje aklè tout ^ctò nou yo, epi pou nou pa oblije di byen fò: Jijman ou yo sen, yo sen, O, Senyè Bondye ^dToupuisan an—men m konnen tò mwen; m te transgrese lalwa ou, e transgresyon m yo se pa m, e dyab la te pran m, m anba grif mizè l yo.

47 Men, gade, frè m yo, èske li nesèsè pou m fè nou pran konsyans reyalite terib bagay sa yo? Èske m t ap toumante nanm nou si lespri nou te pi? Èske m t ap pale klè devan nou dapre klète verite a si nou te libere anba peche?

48 Gade, si ou te sen, m t ap pale ou konsènan sentete; men kòm ou pa sen e ou konsidere m kòm yon enstriktè, li nesèsè pou m "ansenye nou konsekans ^bpeche.

49 Gade nanm mwen degoute peche, e kè m pran plèzi nan lajistis; e m "pral louwe non sen Bondye m nan.

50 Vini, frè m yo, chak moun ki swaf, vini nan "dlo a; e moun ki pa gen lajan, vin achte, e manje; wi, vin achte diven ak lèt san ^blajan e san pri.

51 Se poutèt sa a, pa depanse lajan nou pou bagay ki san valè,

42a Mat. 11:25.

b GE Lògèy.

c 1 Kor. 3:18-21.

d GE Enb, imilite.

43a 1 Kor. 2:9-16.

44a Jakòb 2:10.

b Jakòb 1:19.

c Jakòb 2:2;

Mozya 2:28.

45a 2 Ne. 28:22;

Alma 36:18.

b GE Wòch.

46a GE Jistis.

b GE Jijman, Dènye a.

c Mozya 3:25.

d 1 Ne. 1:14;

Moyiz 2:1.

48a Alma 37:32.

b GE Peche.

49a 1 Ne. 18:16.

50a GE Dlo Vivan.

b Alma 42:27.

ni “travay nou pou sa ki pa kapab satisfè nou. Koute m avèk dilijans, e sonje pawòl m te pale yo; e vin jwenn Sen Izrayèl la e ^bfè fèt pou sa ki p ap peri, ni tou ki pa t kapab kowonpi e kite nanm ou pran plèzi nan lagras.

52 Gade, frè byenneme m yo, sonje pawòl Bondye nou an; priye l kontinyèlman lajounen, e bay non sen li a “remèsiman lan nuit. Kite kè nou rejwi.

53 E gade, “alyans Senyè a yo gran anpil, e kondesandans li gran anpil pou pitit lèzòm; e poutèt grandè l, ak lagras li ak ^bmizèrikòd li, li te pwomèt nou pou desandan nou yo pa detwi nèt, nan kò fizik la, okontrè l ap prezève yo; e jenerasyon k ap vini yo pral yon “branch jis pou kay Izrayèl la.

54 Kounyeya, frè m yo, m ta pale plis avèk nou; men demen m ap pale nou rès pawòl mwen yo. Amèn.

CHAPIT 10

Jakòb eksplike ke Juif yo pral krisifye Bondye yo a—Yo pral dispeze jistan yo kòmanse kwè nan Li—Amerik pral yon tè libète kote okenn wa p ap gouvènè—Rekonsilye avèk Bondye epi jwenn sali pa mwayen gras Li. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

EPI, mwen menm Jakòb, m ap pale avèk nou ankò, frè byenneme m yo, konsènan “branch ki jis m te pale a.

2 Paske gade, “pwomès nou te resevwa yo, se pwomès n ap jwenn pandan nou nan kò fizik la; se poutèt sa, jan yo te montre m nan, anpil nan pitit nou yo pral peri nan kò fizik la poutèt enkredilite, men, Bondye pral gen mizèrikòd pou anpil ladan yo; e pitit nou yo pral restore, pou yo kapab vin jwenn bagay ki pou ba yo vrè konesans konsènan redanmtè yo a.

3 Se poutèt sa, jan m te di nou an, li nesese pou Kris la—paske, yèswa, “zanj la te di m se konsa yo pral rele l—dwe ^bvini nan pami Juif yo, nan pami moun ki pi mechan nan mond lan; e yo pral “krisifye l—paske, se konsa Bondye nou an vle l, e pa gen okenn lòt nasyon sou tè a ki t ap “krisifye “Bondye pa yo.

4 Paske, si gwo “mirak sa yo ta fèt nan pami lòt nasyon yo, yo t ap repanti; e yo t ap konnen li se Bondye yo a.

5 Men, poutèt “entrig prèt ak inikite yo, moun ki nan Jerizalèm yo pral fè kou rèd kont li, pou yo kapab krisifye l.

6 Se poutèt sa, poutèt inikite yo, destriksyon, famin, lapès, ak masak pral tonbe sou yo; e

51a Eza. 55:1–2.

b 2 Ne. 31:20; 32:3;
3 Ne. 12:6.

52a GE Rekonesan,
remèsiman.

53a GE Alyans.

b GE Mizèrikòd.

c GE Jaden Senyè a.

10 1a 1 Ne. 15:12–16;

2 Ne. 3:5;

Jakòb 5:43–45.

2a 1 Ne. 22:8;

3 Ne. 5:21–26; 21:4–7.

3a 2 Ne. 25:19;

Jakòb 7:5;

Mowo. 7:22.

b GE Jezikri—Pwofesi
konsènan nesans

ak lanmò Jezikri.

c 1 Ne. 11:33;

Mozya 3:9;

D&A 45:52–53.

d Lik 23:20–24.

e 1 Ne. 19:10.

4a GE Mirak.

5a Lik 22:2.

GE Fo prèt.

moun ki pa detwi yo pral “dis-
pèse nan pami tout nasyon.

7 Men gade, “Senyè Bondye a te di: ^bLè jou a vini pou yo kwè nan mwen, pou yo konnen m se Kris la, lè sa a, jan m te fè alyans avèk papa yo a, y ap restore nan kò fizik la, sou tè yo te eritye a.

8 E Bondye di konsa, epi, se pral konsa, yo pral “rasanble pou sòti tout kote yo te dispèse yo, nan ^bzile ki sou lanmè yo ak kat kwen tè a; e nasyon Janti yo pral vin gran devan je m, pou ‘pote yo ale nan tè eritaj yo a.

9 “Wi, wa janti yo pral papa pou nourri yo, e rèn yo pral sèvi yo manman pou nourri yo; se poutèt sa a, ^bpwomès Senyè a fè Janti yo gran anpil, paske, li te di sa, e kiyès ki kapab opoze?

10 Bondye te di gade, tè sa a pral tè eritaj nou, e “Janti yo pral beni sou li.

11 Epi, tè sa a pral yon tè “libète pou Janti yo, e p ap gen okenn ^bwa sou tè sa a, nan pami Janti yo.

12 Epi, m ap fòtifye tè sa a kont tout lòt nasyon.

13 Epi, Bondye di: nenpòt moun ki “goumen kont Siyon ap ^bperi.

14 Paske yon moun ki leve yon wa kont mwen l ap peri, paske, mwen menm Senyè a, “wa syèl la, se mwen menm k ap wa yo, e m ap tounen yon ^blimyè pou tout tan pou moun ki koute pa-wòl mwen yo.

15 Se poutèt sa, pou “alyans mwen te fè avèk lèzòm yo kapab akonpli, pandan yo nan kò fizik la, li nesesè pou m detwi ^bzèv sekre “tenèb yo ak masak ak abominasyon yo.

16 Epi, Bondye nou an di: Se poutèt sa a, yon moun ki goumen kont “Siyon, ni Juif ak Janti, ni esklav ak lib, ni gason ak fi pral peri, paske ^byo se postitye ki sou tout tè a; paske ‘moun ki “pa pou mwen, yo “kont mwen.

17 Paske, m ap “akonpli pwomès m te fè pitit lèzòm yo pandan yo nan kò fizik la—

18 Se poutèt sa, frè byenneme m yo, Bondye di: m pral kite Janti yo aflije desandan nou yo; men m pral touche kè “Janti yo, pou yo kapab vin tankou yon papa pou yo; se poutèt sa, Janti yo pral ^bbeni e y ap ‘fè pati nan pami kay Izrayèl la.

19 Bondye di m, se poutèt sa,

6a 1 Ne. 19:13-14.
GE Izrayèl—
Dispèsyon Izrayèl la.

7a GE Senyè a.

b 2 Ne. 25:16-17.

8a GE Izrayèl—
Rasanbleman
Izrayèl la.

b 1 Ne. 22:4;
2 Ne. 10:20-22;
D&A 133:8.

c 1 Ne. 22:8.

9a Eza. 49:22-23.

b 1 Ne. 22:8-9;
D&A 3:19-20.

10a 2 Ne. 6:12.

11a GE Lib, libète.

b Mozya 29:31-32.

13a 1 Ne. 22:14, 19.

b Eza. 60:12.

14a Alma 5:50;
D&A 38:21-22;
128:22-23;
Moyiz 7:53.

b GE Limyè, limyè Kris.

15a GE Alyans.

b Ela. 3:23.
GE Konbinezon sekre.

c GE Tenèb, espiritiyèl.

16a GE Siyon.

b 1 Ne. 13:4-5.
c 1 Ne. 14:10.

d 1 Ne. 22:13-23;

2 Ne. 28:15-32;

3 Ne. 16:8-15;

Etè 2:9.

e Mat. 12:30.

17a D&A 1:38.

18a Lik 13:28-30;
D&A 45:7-30.

b Efe. 3:6.

c Gal. 3:7, 29;

1 Ne. 14:1-2;

3 Ne. 16:13;

21:6, 22; 30:2;

Abr. 2:9-11.

m pral ^akonsakre tè sa a pou desandan nou yo, ak moun ki pral konte nan pami desandan nou yo, pou yo eritye l pou tout tan; paske se yon tè ki pi bon pase tout lòt tè, se poutèt sa, m ap fè tout moun ki rete sou tè sa a sèvi m.

20 Epi kounyeya, frè byenneme m yo, etandone Bondye nou an, ki plen mizèrikòd la, te ban nou gwo konesans sa a, konsènan bagay sa yo; an nou sonje li, e an nou voye peche nou lòtbò; e pa pann tèt nou, paske Bondye pa chase nou. Malgre yo te ^apouse nou sòti nan tè nou te eritye a, nou jwenn yon ^bpi bon tè, paske Senyè a te fè ^cchemen sou lanmè a pou nou, e nou nan yon ^dzile ki sou lanmè a.

21 Men, pwomès Senyè a fè moun ki rete nan ^azile yo ki sou lanmè a gran anpil; kòm li di zile yo, dwe gen lòt ankò, e frè nou yo rete sou yo tou.

22 Paske, tanzantan, lè Senyè Bondye vle, li mennen kay Izrayèl la yon ^alòt kote. Epi kounyeya gade, Senyè sonje tout moun ki te debranche, se poutèt sa, li sonje nou tou.

23 Se poutèt sa, fè kè nou konstan, e sonje nou ^alib pou nou ^baji pou tèt pa nou—pou nou ^cchwazi chemen lanmò etènèl oubyen chemen lavi etènèl.

24 Se poutèt sa, frè byenneme m yo, rekonsilye nou avèk vo-

lonte Bondye, non pa avèk volonte dyab la, ak kò fizik la; e sonje lè nou fin rekonsilye nou avèk Bondye, se sèlman nan e pa mwayen ^alagras Bondye nou ^bsove.

25 Se poutèt sa, se pou Bondye leve nou sòti anba lanmò avèk pouvwa rezirèksyon an, e anba lanmò etènèl la avèk pouvwa ^aekspyasyon an, pou yo kapab resevwa nou nan wayòm etènèl Bondye a, pou nou kapab louwe l nan lagras diven an. Amèn.

CHAPIT 11

Jakòb te wè Redanmtè Li a—Lwa Moyiz la reprezante Kris la epi li pwouve Kris la pral vini. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, lè sa a, ^aJakòb te pale anpil lòt bagay avèk pèp mwen an; men se sèlman bagay sa yo m te fè ^bekri, paske bagay m te ekri yo ase pou mwen.

2 Epi kounyeya, mwen menm, Nefi, m ekri plis nan pawòl ^aEzayi yo, paske nanm mwen pran plèzi nan pawòl li yo. Paske m ap aplike pawòl li yo nan lavi pèp mwen an, e m ap voye yo bay tout pitit mwen yo, paske li te wè ^bRedanmtè m nan reyèlman menm jan m te wè l la.

3 Epi, Jakòb, frè m nan, te ^awè l tou, menm jan m te wè l la; se poutèt sa, m ap voye pawòl yo

19a 2 Ne. 3:2.

20a 1 Ne. 2:1–4.

b 1 Ne. 2:20.

GE Tè pwomiz.

c 1 Ne. 18:5–23.

d Eza. 11:10–12.

21a 1 Ne. 19:15–16; 22:4.

22a 1 Ne. 22:4.

23a GE Lib abit.

b 2 Ne. 2:16.

c Det. 30:19.

24a GE Gras.

b GE Sali.

25a GE Ekspyasyon,

ekspye.

11 1a 2 Ne. 6:1–10.

b 2 Ne. 31:1.

2a 3 Ne. 23:1.

b GE Redanmtè.

3a 2 Ne. 2:3;

Jakòb 7:5.

al jwenn pitit mwen yo pou m kapab pwouve yo pawòl mwen yo se verite. Se poutèt sa, avèk pawòl ^btwà moun, Bondye te di, m ap etabli pawòl mwen. Men, Bondye voye plis temwen, e li pwouve tout pawòl li.

4 Gade, nanm mwen pran plèzi pou l ^apwouve pèp mwen an verite konsènan ^baparisyon Kris la; se pou rezon sa a, nou te resevwa ^clalwa Moyiz la, e tout bagay Bondye te bay lòm depi nan kòmansman mond lan se reprezantasyon l.

5 Epi tou, nanm mwen pran plèzi nan ^aalyans Senyè a te fè avèk zansèt nou yo; wi, nanm mwen pran plèzi nan lagras li, nan lajistis li, ak pouvwa li, ak mizèrikòd li nan gran plan etènèl k ap delivre nou anba lanmò a.

6 Epi, nanm mwen pran plèzi pou l pwouve pèp mwen an si Kris ki se ^asovè a pa vini tout moun dwe peri.

7 Paske si ^apa gen Kris, pa gen Bondye; e si pa gen Bondye, nou pa egziste, paske pa t ap gen okenn ^bkreyasyon. Men gen yon Bondye, e li se Kris la, e l ap vini lè tan pa li rive.

8 Epi kounyeya, m ekri kèk

nan pawòl Ezayi yo, pou nenpòt moun nan pami pèp mwen an ki wè pawòl sa yo kapab leve kè yo, e pou yo rejwi pou tout moun. Se pawòl yo sa, e nou kapab aplike yo nan lavi nou ak lavi tout moun.

CHAPIT 12

Ezayi wè tanp nan dènye jou a, pou rasanbleman Izrayèl la, jijman ak lapè milenyòm nan—
Ògeye yo ak mechan yo pral bese ba nan Dezyèm Vini an—
Konpare Ezayi 2. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

PAWÒL ke ^aEzayi, pitit gason Amòz la, te ^bwè konsènan Jida ak Jerizalèm:

2 Epi, se pral konsa, nan dènye jou yo, lè ^amòn ^bkay Senyè tabli sou tèt mòn yo, e lè l egzalte anlè ^ckolin yo, tout nasyon pral vide kò yo sou li.

3 Epi anpil moun prale e y ap di, Vini, an nou monte sou mòn Senyè a, nan kay Bondye Jakòb la; e li pral ansenye nou konsènan fason pa li, e ^anou pral mache nan chemen li; paske ^blalwa a pral sòti nan Siyon, e pawòl Senyè a pral sòti nan Jerizalèm.

4 Li pral ^ajije nan pami nasyon

3b 2 Ne. 27:12;

Etè 5:2–4;

D&A 5:11.

4a 2 Ne. 31:2.

b Jakòb 4:5;

Jawòm 1:11;

Alma 25:15–16;

Etè 12:19.

c 2 Ne. 5:10.

5a GE Alyans Abraram.

6a Mozya 3:15.

7a 2 Ne. 2:13.

b GE Kreyasyon, kreye.

12 1a Nan Ezayi 2–14,

Nefi site 2 Nefi

chapit 12–24 dapre

plak deren yo.

Genyen diferans

nan jan yo fòme mo

yo, donk make sa.

b NLE li vle di *kaza* ki

vle di “vizyone.”

Sa vle di Ezayi te

resevwa mesaj li

a pa mwayen yon

vizyon ki soti nan

men Senyè a.

2a Jowèl 3:17.

GE Siyon.

b GE Tanp, kay Senyè a.

c D&A 49:25.

3a GE Mache, mache

avèk Bondye.

b NLE li vle di

ansèyman oubyen

doktrin.

GE Levanjil.

4a 2 Ne. 21:2–9.

yo, e li pral reprimande anpil moun: yo pral fè epe yo tounen pikwa, ak pik yo tounen rach—nasyon p ap rale epe kont nasyon, ni tou yo p ap aprann fè lagè ankò.

5 O kay Jakòb la, vini, epi an nou mache nan limyè Senyè; wi, vini, paske nou tout “pèdi chemen an, chak moun tonbe nan mechanste.

6 Se poutèt sa, O Senyè a, nou te abandone pèp nou an, kay Jakòb la, paske yo “ranpli ak moun lès yo, e yo chita koute divinò tankou ^bFilisten yo, e “yo tonbe nan plèzi avèk pitit etranje yo.

7 Peyi yo a chaje avèk lajan, ak lò, trezò yo p ap janm fini; peyi yo chaje avèk cheval e y ap toujou gen charyo.

8 Peyi yo plen avèk “zidòl; yo adore bagay yo fè avèk men pa yo, bagay yo fè avèk dwèt pa yo.

9 Moun mechan yo pa “bese tèt yo, epi gwo moun yo pa gen imilite, se poutèt sa, pa padone yo.

10 O, moun mechan, antre nan twou wòch la, “kache nan pou-syè a, paske krent Senyè a ak lagwa majeste li pral frape ou.

11 Epi, se pral konsa, aparans awogan moun pral imilye, frekansite moun pral bese ba, e se

sèlman Senyè a ki pral egzalte nan jou sa a.

12 Paske “jou Senyè tout Lame yo pral rive talèkonsa sou tout nasyon, wi, sou chak moun; wi, sou ^bògeye yo ak frekan yo, e tout moun ki leve pral bese.

13 Wi, jou Senyè a pral vini sou tout pye bwa peyi gorango Liban yo, paske yo wo e yo leve anlè; ak sou tout pye bwapen Bazan yo;

14 Epi sou tout mòn wo yo, ak tout kolin yo, ak tout nasyon ki leve tèt yo, e sou tout pèp;

15 Epi, sou tout fòtrès ki wo ak tout miray solid;

16 Epi, sou tout bato nan “lanmè a, ak tout bato Tasis yo, ak tout bèl foto yo.

17 Ògèy lèzòm pral bese, e frekansite lèzòm pral tonbe; e sèlman Senyè a pral egzalte nan “jou sa a.

18 Epi, li pral aboli zidòl yo nèt.

19 Epi, yo prale nan twou wòch yo, ak nan kav anba tè a, paske krent Senyè a pral vini sou yo, e laglwa majeste l pral frape yo, lè l leve pou l souke tè a byen fò.

20 Jou sa a, yon nonm pral jete zidòl lajan, ak zidòl lò li te fè bay mangous yo ak chòvsouri yo pou l adore pou tèt pa l,

21 Pou l ale nan fant wòch yo, ak sou tèt wòch pweni yo, paske

5a 2 Ne. 28:14;
Mozya 14:6;
Alma 5:37.

6a Sòm 106:35.

b GE Filisten yo.

c NLE li vle di bay
lamen avèk, oubyen
fè alyans avèk.

8a GE Idolatri.

9a SVD nan Bondye;
olye sa li adore idòl.

10a Alma 12:14.

12a GE Dezyèm
Vini Jezikri.

b Mal. 4:1;

2 Ne. 23:11;

D&A 64:24.

16a Vèsyon Grèk
(Swasanndis la)
genyen yon fraz ke
vèsyon Ebre a pa
genyen, epi vèsyon

Ebre a genyen yon
fraz ke Grèk la pa
genyen men vèsyon
Ebre a genyen; men
2 Ne. 12:16 genyen
toulède.

Sòm 48:7;
Ezek. 27:25.

17a SVD jou Senyè a ap
vini nan laglwa.

krent Senyè a pral vini sou yo e majeste laglwa l pral frape yo, lè l leve pou l souke tè a byen fò.

22 “Retire konfyans nou nan lòm, ki respire nan twou nen li; paske, ki moun k ap ba li enpòtans?

CHAPIT 13

Jida ak Jerizalèm pral pini poutèt dezobeyisans yo—Senyè a ap plede pou pèp Li a, epi Li pral jije yo—Pitit fi Siyon yo modi epi yo tountante poutèt konpòtman monden yo—Konpare Ezayi 3. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

PASKE gade, Senyè a, Senyè tout Lame yo, retire rezèv ak resous Jerizalèm ak Jida, tout resous pen an ak tout rezèv dlo a—

2 Gwo moun nan, Chèf lagè a, Jij la, Pwofèt la, Moun pridan an, ak Pèsonaj la;

3 Kaptèn ki kòmande senkant sòlda a, Moun ki gen respè a, Konseye a, Gran dizè a, ak Oratè elokan an.

4 M pral ba yo timoun kòm prens, e bebe pral gouvène yo.

5 Epi, pèp la pral oprime, youn pral oprime lòt, e chak vwazen kont lòt; timoun pral fè lògèy devan granmoun, epi moun nan klas ba pral leve tèt devan moun onorab.

6 Yon nonm pral rale frè l lakay

papa l, e li pral di: Ou gen rad sou ou, vin gouvène nou, epi pa kite “wont sa a tonbe sou nou—

7 Jou sa a, li pral fè sèman, l ap di: M pa vle tounen youn “gerisè; paske m pa gen ni pen ni rad lakay mwen; pa mande m pou m gouvène pèp la.

8 Paske Jerizalèm “fini, e Jida ^btonbe, paske lang yo ak aksyon yo te kont Senyè a, pou pwovoke limyè kò l.

9 Aparans yo temwaye kont yo, e li fè konnen peche yo tankou peche “Sodòm, e yo pa kapab kache l. Malè pou nanm yo, paske yo rekòlte malè pou tèt pa yo!

10 Di moun ki fè jistis yo, l ap “bon pou yo, paske yo te pral manje sa yo plante.

11 Malè pou mechan yo, paske y ap peri; paske rekonpans men yo pral tonbe sou yo!

12 Epi, pèp mwen an, timoun ap oprime yo, e fi ap gouvène yo. O, pèp mwen an, moun k ap “dirije ou yo fè w pèdi, epi yo detwi pasaj chemen ou yo.

13 Senyè a kanpe pou l “plede, e li kanpe pou l jije pèp la.

14 Senyè a pral antre nan jijman avèk pèsonaj yo ki nan pami pèp li a ak “prens yo; paske nou te ^bmanje “jaden ak tout “rès manje “pòv yo lakay nou.

15 Senyè Bondye tout Lame yo

22a svd sispan konte sou lòm mòtèl; pouvwa li fèb lè w konpare l ak Bondye.
Moyiz 1:10.

13 6a Eza. 3:6.

7a NLE li vle di youn doktè fèy; sa vle di mwen pa ka rezoud pwoblèm ou yo.

8a Jer. 9:11.

b Lam. 1:3.

9a Jen. 19:1, 4–7, 24–25.

GE Konpòtman omoseksyèl.

10a Det. 12:28.

12a Eza. 9:16.

13a NLE li vle di defan laverite.
Miche 6:2;

D&A 45:3–5.

14a NLE li vle di legislatè yo, oubyen dirijan yo.

b NLE li vle di konsonnen, oubyen boule.

c Eza. 5:7.

d svd detounen byen.
e 2 Ne. 28:12–13.

di, ki sa nou panse? Nou rachonnen pèp mwen pak-anpak, e nou grafonyen figi pòv yo.

16 An plis, Senyè a di: Paske pitit fi Siyon yo gen lògèy, epi yo mache avèk kou yo rèd ak je klere, yo souke kò yo e “soulye yo fè kalap-kalap lè y ap mache—

17 Se poutèt sa, Senyè a pral chaje tèt pitit fi Siyon yo avèk kap, e Senyè a pral “dekouvri pati sekre yo.

18 Jou sa, Senyè a pral efase ekla bann bijou k ap klake yo, ak “kapichon yo, ak ^bbijou won ki gen fòm lalin yo;

19 Chenn yo ak goumèt yo ak “foula yo;

20 Bonèt yo, ak braslè pye yo, ak bando tèt yo, ak pafen yo, ak zanno yo;

21 Bag yo, ak bijou nan nen yo;

22 Tout “divèsite rad yo, ak manto yo, ak mouchwa tèt yo ak bous yo;

23 “Miwa yo, ak twal fen yo, ak bèl cheve, ak vwal.

24 Epi, se pral konsa, jou sa a pa t, angiz bon sant pafen, yo pral santi swè; angiz sentiwon, rad yo pral “dechire; angiz bèl kwafi, tèt yo pral kale; angiz ^btalatàn, yo pral mete wòb sak; e angiz bèlte, po yo pral ^cboule.

25 Kout epe pral jete gason ou yo, epi moun pwisan ou yo pral mouri nan lagè.

26 Pral gen lamantasyon ak kriye devan pòt li yo; epi li pral chita atè a san konsolasyon.

CHAPIT 14

Siyon ak pitit fi li yo pral rachte e pirifye nan jou milenyòm nan—Konpare Ezayi 4. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

EPI, jou sa a, sèt fi pral poze men sou yon gason, epi yo pral di: Nou p ap mande ni manje, ni rad; nou sèlman vle pote non w pou efase “kritik nou yo.

2 Jou sa, “branch Senyè a pral bèl e li pral glorifye; fwi tè a pral ekselan e li pral bèl pou tout moun ki chape nan Izrayèl.

3 Epi, se pral konsa, moun ki rete nan Siyon e ki rete nan Jerizalèm pral pote non sen, tout moun ki gen non yo ekri nan pami vivan Jerizalèm yo—

4 “Lè Senyè a ^blave salte pitit fi Siyon yo, e lè l fin prije san Jerizalèm nan mitan yo avèk lespri jijman, e avèk lespri ^cdife.

5 Epi, sou tout kay ki sou mòn Siyon, ak sou asanble li yo, Senyè a pral fè parèt yon “nyaj

16a SVD mache ti pa epi byen vit yon fason ki ka atire atansyon lòt moun.

17a NLE li vle di demaske ki siyifi “fè yo wont.”

18a Se petèt filè pou cheve. Otorite yo pa toujou dakò sou nati òneman fi yo ke yo mete sou lis

nan vèsè 18–23.

b SVD òneman yo sanble ak kwasans lalin nan.

19a NLE li vle di vwal yo.

22a NLE li vle di rad ki briye yo.

23a OUBYEN rad klè yo.

24a NLE li vle di ranyon.

b OUBYEN yon ròb.

c OUBYEN tanpe ak yon mak esklavaj.

14 1a SVD eta wont si w pa marye ni w pa gen pitit.

2a Eza. 60:21; 2 Ne. 3:5; Jakòb 2:25.

4a SVD lè Senyè a pirifye tè a.

b GE Lave, Lavman.

c Mal. 3:2–3; 4:1.

5a Egz. 13:21.

ak lafimen, lajounen, ak yon dife limen lan nuit; paske laglwa Siyon pral yon defans sou tout moun.

6 Epi pral gen yon tabènak kòm lonbraj lajounen kont chalè a, kòm yon plas “refij ak yon kouvèti kont siklòn ak lapli.

CHAPIT 15

Jaden Senyè a (Izrayèl) pral vin tankou yon dezè, epi pèp Li a pral dispèse—Malè pral tonbe sou yo, lè yo apostazyè ak lè yo dispèse—Senyè a pral leve yon banyè epi li pral rasanble Izrayèl—Konpare Ezayi 5. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

Epi lè sa a, m pral chante yon “chante byenneme m nan te fè pou trè byenneme m nan, konsènan jaden li a. Trè byenneme m nan gen yon jaden sou yon kolin ki pwodiktif anpil.

2 Epi li te bare jaden an, li te rasanble wòch yo sou kote, li te plante pi bon “rezen an ladan l, li te bati yon fòtrès nan mitan jaden an, epi tou li te bati yon gildiv ladan l; e li t ap tann pou l ta bay bon rezen, men li te bay rezen mawon.

3 Epi kounyeya, O abitan Jerizalèm yo, ak moun Jida yo, m mande nou, jije byen pami mwen menm ak jaden m nan.

4 Ki lòt bagay m ta kapab fè

pou jaden m nan? Men, lè m t ap tann bon rezen, li te bay rezen mawon.

5 Epi kounyeya, ale, m pral di nou kisa m pral fè avèk jaden m nan—“m pral retire touf arebò yo e bèt pral manje yo; epi m pral kraze lantouraj la, e yo pral pilonnen l;

6 M pral fini avèk li; m p ap taye l ni rekòlte l; men zèb “mawon ak pikan pral leve; m pral kòmande nyaj yo pou ^blapli pa tonbe sou li.

7 Paske, “jaden Senyè tout Lame yo se kay Izrayèl la, e gason Jida yo se plant ki fè l plèzi yo; li te chèche ^bjijman, men li wè opresyon; li te chèche lajistis, men li wè kriye.

8 Malè pou moun ki kole “kay youn ak lòt, jistan pa gen plas, pou yo kapab ^brete pou kont yo nan mitan tè a!

9 Senyè tout Lame yo te di m nan zòrèy mwen, sètènman gen anpil kay ki pral rete vid, e gen anpil gwo, bèl vil ki pral rete san moun.

10 Wi, dis kawo tè rezen pral bay yon “bat, e yon grenn omè pral bay yon efa.

11 Malè pou moun ki leve bonè nan maten pou yo kapab “bwè tafya jouk nan nuit epi ^btafya anfle yo!

12 Mannouba ak vyolon, tanbou ak flit ak diven fè pati nan

6a Eza. 25:4;
D&A 115:6.

15 1a svp pwofèt la konpoze yon chan oubyen yon parabòl sou yon jaden pou montre mizerikòd Bodey

ak endiferans
Izrayèl.

2a Jer. 2:21.
5a Sòm 80:12.
6a Eza. 7:23; 32:13.

b Jer. 3:3.
7a GE Jaden Senyè a.
b OUBYEN lajistis.

8a Miche 2:1–2.

b svp pwopryetè rich
yo pran ti jaden
moun ki pòv yo.
10a Ezek. 45:10–11.
11a Pwov. 23:30–32.
b GE Pawòl Sajès.

fèt yo; epi yo ^abliye travay Senyè a ni zèw li fè avèk men l.

13 Se poutèt sa, pèp mwen an ale nan prizon, paske yo pa gen ^akonesans; epi moun onorab nan pami yo grangou, e miltitid pèp la ap mouri avèk swaf.

14 Se poutèt sa, lanfè a te layite kò l, e li te louvri bouch li san mezi; e laglwa yo ak pakèt pèp li yo, ak gran panpan yo, e nenpòt moun k ap rejwi pral desann ladan l.

15 Moun ki òdinè pral desann, moun ki puisan pral imilye e grenn je moun ki awogan pral imilye.

16 Men, Senyè tout Lame yo pral egzalte nan ^ajijman, epi Bondye ki sen an pral sanktifye nan lajistis.

17 Lè sa a, brebi yo pral manje jan yo konn toujou fè l la, e etranje yo pral manje nan plas dezole moun gra yo.

18 Malè moun ki fè ^avanite tounen kòd pou trennen inikite, e ki trennen peche ^btankou kòd kabrèt;

19 Ki di: Se pou l fè sa li te di l ap ^afè a vit, pou nou kapab ^bwè l; se pou konsèy Sen Izrayèl la vini kounyeya pou nou kapab konnen.

20 Malè pou moun ki ^arele mal byen e ki rele byen mal, ki pran ^bfènwa pou limyè e limyè pou fènwa, ki pran anmè pou dous e dous pou anmè!

21 Malè pou moun ki ^asave pou tèt pa yo esaj nan je pa yo!

22 Malè pou moun ki fò nan bwè diven, e ki fò nan melanje diven avèk bwason fò;

23 ki jistifye mechan yo poutèt rekonpans, e ki ^aretire lajistis nan men moun jis yo!

24 Se poutèt sa, menm jan ^adife devore ^bpay, e flannm devore ^cpo san grenn, rasin yo pral tonbe nan pouriti e flè yo pral tounen pousyè; paske yo jete lalwa Senyè tout Lame yo, epi yo ^ameprize pawòl Sen Izrayèl la.

25 Se poutèt sa, ^akòlè Senyè a limen kont pèp li a, li te lonje men l kont yo, e li te frape yo; kolin yo te tranble, e kadav yo te dechire nan mitan lari a. Apre tout bagay sa yo, kòlè l pa sispann, sepandan, men l toujou lonje.

26 Epi, li pral leve yon ^abannyè pou nasyon ki lwen yo, epi li pral ^bsoufle pou yo nan tout kwen tè a; epi gade, yo pral ^cvini avèk tout vitès; epi youn p ap fatige ni tonbe nan pami yo.

12a Sòm 28:5.

13a Oze 4:6.

GE Konesans.

16a GE Jezikri—Jij.

18a GE Anven, vanite.

b svd yo mare nan peche yo tankou bèt ki nan jouk.

19a Jer. 17:15.

b svd Yo p ap kwè nan Mesi a jiskaske yo wè li.

20a Mowo. 7:14, 18;

D&A 64:16; 121:16.

b 1 Jn. 1:6.

21a Pwov. 3:5–7;

2 Ne. 28:15.

23a svd retire nan men li dwa lejitim li yo.

24a Abd. 1:18;

Mal. 4:1–2;

2 Ne. 20:17.

b Jowèl 2:5;

1 Ne. 22:15, 23;

2 Ne. 26:4, 6;

D&A 64:23–24; 133:64.

c Lik 3:17;

Mozya 7:29–31.

d 2 Sam. 12:7–9.

25a D&A 63:32;

Moyiz 6:27.

26a GE Banyè.

b OUBYEN sifle; sa vle di siyal pou rasanbleman.

Eza. 7:18; 2 Ne. 29:2.

c GE Izrayèl—

Rasanbleman

Izrayèl la.

27 Youn menm p ap kabicha, ni dòm; sentiwon nan ren yo p ap demare, ni tou, lasèt soulye yo p ap kase;

28 Flèch yo pral file, elastik flèch yo pral tire, sabo cheval yo pral parèt di tankou wòch, wou kabrèt yo pral sanble avèk gwo toubiyon, epi yo pral gwonde tankou lyon.

29 Yo pral gwonde tankou jèn "lyon; wi, yo pral rele, e yo pral mete men sou viktim nan, yo pral pote l ale san pwoblèm, e p ap gen moun pou delivre l.

30 Epi, jou sa a, moun pral rele sou yo tankou bri vag lanmè a; e si yo vire tèt gade sou tè a, fè-nwa ak tristès, e limyè nan syèl la etenn.

CHAPIT 16

Ezayi wè Senyè a—Peche Ezayi yo padone—Li resevwa apèl pou l pwofetize—Li pwofetize konsènan Juif yo ki rejte ansèyman Jezikri yo—Yon rès pral retounen—Konpare Ezayi 6. Anviwon 559-545 ANVAN JEZIKRI.

NAN "ane wa Ozyas te mouri a, m te wè Senyè a chita sou yon twòn, ki wo anpil, e ^bvwal li te ranpli tanp la.

2 Anlè twòn nan te gen "serafen yo; chak te gen sis zèl; yo chak te kouvri figi yo avèk de, yo te kouvri pye yo, epi yo te vole ak de sa ki te rete yo.

3 Epi, youn te di lòt avèk yon vwa fò: Senyè tout Lame yo sen, sen, sen; tout tè a ranpli avèk glwa li.

4 Vwa sila ki te rele a te fè "poto yo ki nan pòt la deplase, e kay la te plen ak lafimen.

5 Epi, m te di: Malè pou mwen! paske "m pèdi; paske m se yon nonm ki gen bouch sal; m rete nan mitan yon pèp ki gen bouch sal; e je m te wè Wa a, Senyè tout Lame yo.

6 Lè sa a, youn nan serafen an te vole vin jwenn mwen avèk yon "chabon dife tou limen nan men l, li te pran l sou lotèl la avèk yon pensèt;

7 E li te depoze l sou bouch mwen, e li di: Bagay sa a te touche bouch ou; "inikite ou yo efase, e m prije peche w yo.

8 M te tandè vwa Senyè a tou, li te di: Kiyès moun m ap voye, e kiyès ki prale pou nou? Epi, m di: Men mwen; voye m.

9 Epi, li te di: Ale e di pèp sa a—Sètènman ou tandè, men ou pa t konprann; sètènman ou wè, men ou pa t pèsevwa.

10 Fè kè pèp sa a ensansib, fè zòrèy yo angoudi, e fèmèn je yo—pou yo pa wè avèk je yo, pa tandè avèk "zòrèy yo, pa konprann avèk kè yo, pou yo kapab pa konvèti pou yo geri.

11 Epi, m te di: Senyè a, pou konbyen tan? E, li te di: Jistan vil yo vin vid nèt, san moun,

29a 3 Ne. 21:12-13.

16 1a SVD 750 ANVAN JEZIKRI.

b SVD woulèt rad li, oubyen jip yo.

2a GE Cheriben.

4a NLE li vle di

fondasyon pòtay yo te tonbe.

5a NLE li vle di koupe, sa vle di te tris akoz peche li yo ak peche pèp li a.

6a SVD senbòl pirifikasyon.

7a GE Remisyon peche yo.

10a Mat. 13:14-15.

kay yo san moun, e peyi a dezole antyèman;

12 Epi, Senyè a te "voye tout moun byen lwen, paske peyi a pral abandone nèt.

13 Men, gen yon dizyèm ki pral retounen, yo pral manje yo tankou yon pye tiyèl, ak yon pye bwatshèn ki konsève boujon yo lè fèy yo tonbe; konsa, desandan sen an se "boujon yo.

CHAPIT 17

Efrayim ak Siri fè lagè kont Jida—Jezikri la pral fèt epi manman li ap yon vyèj—Konpare Ezayi 7. Anviwon 559-545 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, e epòk Akaz, pitit gason Jotam nan, pitit gason Ozyas la, wa Jida a; Retsen, wa Siri a ak Peka, pitit gason Remalya, wa Izrayèl la, te monte pou yo fè lagè kont Jerizalèm, men yo pa t kapab bat li.

2 Epi, li te pale avèk kay David la, li di: Siri mete ansanm avèk "Efrayim. Epi, kè l ak kè pèp li a tranble tankou lè van ap souke fèy bwa nan forè a.

3 Apre sa, Senyè te di Ezayi: Al rankontre Akaz kounyeya, ou menm ak "Chea-Jachoub, pitit gason ou nan, nan pwent chemen ki bò anwo lak ki pase kote gwo wout bò kote jaden foulon an;

4 Epi, di li: Fè atansyon, rete

trankil; "pa pè anyen, e pa kite kè ou twouble devan de bout bwa limen k ap fè lafimen yo, poutèt vye kòlè Retsen avèk Siri a, ak pitit gason Remalya a.

5 Paske Siri, Efrayim ak pitit gason Remalya a, yo te fè konplo sou ou, yo di:

6 An nou monte kont Jida, an nou atake l an nou louvri "yon pòt pou nou kapab mete yon wa sou tèt li; wi, pitit gason Tabeèl la.

7 Konsa Senyè Bondye di konsa: Plan sa a gen pou l tonbe nan dlo, li p ap akonpli.

8 Paske Damas anlè tèt Siri, Retsen anlè tèt Damas; e nan swasant-senk ane Efrayim pral separe epi li p ap yon pèp ankò.

9 Samari anlè tèt Efrayim, e pitit gason Remalya anlè tèt Samari. Si ou "pa vle kwè, sètènman, ou p ap reziste.

10 Apre sa, Senyè a te pale avèk Akaz ankò, li di:

11 Mande Senyè Bondye w la yon "siy; mande l anba nan ravin fon, oubyen anlè nan syèl la.

12 Men Akaz te di: M p ap mande, ni tou m pa vle "tante Senyè a.

13 Epi, li te di: Kounyeya, O kay David la, koute; èske li pa ase pou ou fatigue lèzòm, men ou vle fatigue Bondye m nan tou?

14 Se poutèt sa, Senyè a li

12a 2 Wa 17:18, 20.

13a svd menm jan ak yon pye bwa, menm si fèy li yo gaye, li konseve nan li lavi ak kapasite pou bay fwi.

17 2a svd Efrayim se non

yo te konn rele tout zòn nò peyi Izrayèl, epi se te tiribi anchèf ki te nan zòn nò a.

3a NLE Rès la ap retounen.

4a svd pa pè atak; de wa sa yo pa gen

anpil enèji ki rete.

6a NLE sa vle di divize.

9a 2 Kwo. 20:20.

11a GE Siy.

12a svd teste eseye, oubyen bay prèv.

menm pral ba ou yon siy—
Gade, yon “vyèj pral ansent, li
pral fè yon pitit gason, e li pral
pote non ^bEmanyèl.

15 Li pral manje bè ak siwo
myèl, pou l kapab konnen pou l
refize mal, e pou l chwazi byen.

16 Paske, anvan “timoun nan
konnen pou l refize mal, e pou
l chwazi byen, peyi ou pa ren-
men an pral pèdi ^btou de wa li
yo.

17 Senyè a pral “lage sou ou,
sou pèp ou a, ak sou kay papa
w la, kèk jou ki pa t janm rive
depi lè ^bEfrayim te kite Jida, wa
Asiri a.

18 Epi, se pral konsa, jou sa
a, Senyè pral “soufle mouch ki
lòtbò nan pwent Ejip ak myèl
ki nan peyi Asiryen yo.

19 Epi, yo tout pral vin poze
nan vale dezole yo, nan twou
wòch yo, sou tout pikan yo ak
sou raje yo.

20 Menm jou sa a, Senyè a pral
lwe yon “razwa moun yo ki
lòtbò rivyè a, ak ^bwa Asiri a, pou
l raze tèt, ak pwal janm yo; e li
pral boule bab yo tou.

21 Epi, se pral konsa, jou sa a,
yon nonm pral “nouri yon vach
bèf ak de mouton;

22 Epi, se pral konsa, pou
kantite lèt yo pral bay moun
pral manje bè; paske tout
moun ki rete nan peyi sa a pral

manje bè ak siwo myèl pou
nouriti yo.

23 Epi, se pral konsa, jou sa a,
chak kote ki te gen mil kawo ja-
den pou mil pyès monnen pral
kouvri avèk raje ak pikan.

24 Moun pral vini avèk flèch,
peyi paske tout a pral kouvri
avèk raje ak pikan.

25 Epi moun p ap pè raje ak
pikan yo nan tout kolin yo, ki
pral vin plat anba kout pikwa,
okontrè yo pral mennen towò
bèf ak kabrit manje sou yo.

CHAPIT 18

*Kris la pral tankou yon pyèdachop-
man ak yon wòch pou ofans—Chè-
che Senyè a, pa chèche bòkò k ap
pale ansekrè nan zòrèy—Chèche
lalwa ak temwayaj kòm gid—Kon-
pare Ezayi 8. Anviwon 559–545
ANVAN JEZIKRI.*

ANPLIS, pawòl Senyè a te di m:
Pran yon gwo woulo, epi ekri
ladan l avèk yon plim moun fè,
konsènan “Mayè-chalal-achbaz.

2 Epi m te pran “temwen fidèl
pou anrejistre, prèt ki rele Iri a,
ak Zakari, pitit gason Jebere-
kya a.

3 Epi, m te ale kote “pwofetès
la; li te ansent e l te fè yon pitit
gason. Epi Senyè a te di m: Rele
l Mayè-chalal-achbaz.

4 Paske gade, “timoun nan ^bp

14a GE Vyèj.

b NLE li vle di
Bondye avèk nou.
GE Emanyèl.

16a 2 Ne. 18:4.

b 2 Wa 15:30; 16:9.

17a 2 Kwo. 28:19–21.

b 1 Wa 12:16–19.

18a OUBYEN sifle; sa vle di

siyal, apèl.

Eza. 5:26.

20a SVD gen yon anvayisè
etranje ki pral
depeple peyi a.

b 2 Wa 16:5–9.

21a SVD ap gen yon ti
kras moun k ap ka
pran swen tèt yo.

18 1a NLE Pou l akselere

biten an, li
akselere jibye a.

2a GE Temwen.

3a SVD madanm li.

4a 2 Ne. 17:16.

b Eza. 8:4.

ap kò konnen kòman pou l di, papa, manman, anvan richès Damas yo ak ^apiyay Samari yo disparèt devan wa Asiri a.

5 Senyè te pale avèk mwen ankò, li di:

6 Paske pèp sa a te meprize dlo k ap koule dous nan ^aSiloye a, e rejwi yo nan ^bRetsen ak pitit gason Remalya a;

7 Kounyeya poutèt sa, gade Senyè a ap voye gwo dlo rivyè yo ^asou yo, epi ak fòs, wa Asiri a menm avèk tout laglwa li; epi li pral ranpli tout kanal yo, li pral anvayi tout rivaj yo.

8 Epi ^ali pral travèse Jida; li pral anvayi ak debòde, li pral ranpli jis nan kou; epi zèl li pral gaye pou l kouvri lajè peyi w la, O ^bEmanyèl.

9 ^aMetete tèt nou ansanm, O pèp yo, men nou pral kraze fè ti mòso; epi koute, tout moun ki nan peyi lwen yo; mare senti nou, paske nou pral kraze fè miyèt mòso; mare senti nou, paske nou pral kraze fè miyèt mòso.

10 Reyini Reyini ansanm, men sa p ap sèvi anyen; pale pawòl la; men li p ap kanpe; ^apaske Bondye avèk nou.

11 Paske Senyè a te di m sa avèk

fèmte, e li te ban m enstriksyon pou m pa mache nan chemen pèp sa a, li te di m konsa:

12 Pa rele ^aKonplo tout sa pèp sa a rele Konplo; ni tou pa pè, e pa krenn.

13 Sanktifye Senyè tout Lame yo, ^ase Limenm nou dwe pè, se Limenm nou dwe krenn.

14 Li pral tankou yon ^arefij; men tou li pral tankou yon ^bpyèdachopman, ak yon wòch pou tou de kay Izrayèl yo, tankou yon pyèj ak yon pèlen pou abitan Jerizalèm yo.

15 Epi anpil ladan yo pral ^afrape pye yo e tonbe, yo pral kraze, yo pral tonbe nan pyèj, e moun pral pote y ale.

16 Mare temwayaj la, sele ^alalwa a nan pami disip mwen yo.

17 Epi, m pral rete tann Senyè a ki ^akache figi l pou kay Jakòb la, e m pral chèche l.

18 Gade, mwen menm ak pitit Senyè a te ban mwen yo, nou se ^asiy ak mirak nan Izrayèl pou Senyè tout Lame yo, ki rete nan Mòn Siyon an.

19 Epi, lè yo di nou: Chèche moun ki gen ^alespri zansèt yo, ak sòsye k ap fè maji yo—^bèske yon pèp pa ta dwe chèche nan

4c 2 Wa 15:29.

6a Jen. 49:10;
TJS Jen. 50:24
(Apendis).

b Eza. 7:1.

7a SVD sou pati nò
Izrayèl premyèman.

8a SVD Asiri ap antre
nan peyi Jida tou.

b GE Emanyèl.

9a SVD fè alyans.

10a SVD Jida (peyi
Emanyèl) ap proteje.

Sòm 46:7.

12a SVD Jida pa dwe konte
sou konplo sekre
yo avèk lòt moun
pou asire sekirite.

13a SVD gen respè ak
imilite devan Bondye.

14a Ezek. 11:15-21.

b 1 Pyè 2:4-8;
Jakòb 4:14-15.

15a Mat. 21:42-44.

16a NLE li vle di
ansèyman, oubyen

doktrin.

GE Levanjil.

17a Eza. 54:8.

18a SVD Non Ezayi ak
pitit gason l yo vledi
"Jewova sove"; "Rès
la ap retounen"; ak
"Pou akselere biten
an, li akselere jibye a."
2 Ne. 17:3; 18:3.

19a Lev. 20:6.

b 1 Sam. 28:6-20.

men Bondye yo ki vivan an pou yo tandè ‘nouvel mò yo?

20 pou lalwa a ak temwayaj la; epi pou si “yo pa pale konsa, yo pa gen limyè nan yo.

21 Epi, “yo pral pasipala, gran-gou ak akable, e se pral konsa, lè yo grangou, se paske yo pral fè kòlè, yo pral modi wa yo ak Bondye yo a, e yo pral leve je yo anlè.

22 Epi yo pral bese je yo atè, e yo pral wè detrès, fènwa, tenèb ak lapenn e yo pral chase yo al nan fènwa.

CHAPIT 19

Ezayi pale tankou Mesi a—Moun ki nan fènwa yo pral wè yon gwo limyè—Se li ki pral Prens Lapè a e li pral renye sou twòn David la—Konpare Ezayi 9. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

MEN tenèb yo p ap menm jan avèk lè te gen chatiman an, lè l te yon ti jan aflije “peyi Zabilon an ak peyi Neftali a, premyèman an, e apre sa, lè l te aflije yo pi rèd kote Lanmè Wouj, pa lòtbò Jouden an nan Galile nasyon yo a.

2 Pèp la ki t ap mache nan “tenèb la te wè yon gwo limyè; moun ki rete nan peyi lonbraj lanmò yo, se sou yo limyè a te klere.

3 Ou te miltipliye nasyon an

epi w te “ogmante lajwa a—yo gen lajwa devan ou menm jan yo rejwi nan lamwason, menm jan yo rejwi nan fè piyay.

4 Paske w wete chay ki t ap pese li a, ou kase baton ki t ap frape zèpòl li a ak frèt ki t ap bat li a.

5 Paske nan chak batay solda a se gwo bri konfizyon, ak rad benyen nan san! men fwa sa a se pral dife ak flann dife.

6 Paske, yon “piti fèt pou nou, yo ban nou yon piti gason, e ^bgouvènman an pral chita sou zèpòl li; yo pral rele li Mèveye, Konseye, “Bondye Toupuisan an, ^dPapa etènèl La, ^ePrens lapè a.

7 Pou “gouvènman an pran chè, ak lapè ^bki p ap janm fini pou lòd sou twòn David la ak pou wayòm li a gen lòd e pou tabli l daprè lalwa ak lajistis depi kounyeya, pou tout tan, Senyè tout Lame yo pral deplwaye tout fòs li.

8 Senyè a te voye pawòl li bay Jakòb e li te klere “Izrayèl.

9 Epi, tout pèp la pral konnen, menm Efrayim ak abitan Samari yo, ki fè deklarasyon avèk lògèy epi fyète.

10 Brik yo tonbe, men nou pral pase wòch pou rebati yo pye m apou yo tonbe, men nou pral ranplase yo ak bwadchèn.

11 Se poutèt sa Senyè a pral

19^c OUBYEN nan non yon lòt.

20^a SVD mwayen espiritiyèl (nan vèsè 21–22 tou).

21^a SVD Izrayèl ap tonbe nan esklavaj paske yo pa vle koute.

19^{1a} Mat. 4:12–16.

2^a “tenèb” ak “fènwa” se apostazi ak esklavaj; “gran limyè a” se Kris la.

3^a Eza. 9:3.

6^a Eza. 7:14;

Lik 2:11.

^b Mat. 28:18.

^c Tit 2:13–14.

^d Alma 11:38–39, 44.

^e Jan 14:27.

7^a GE Gouvènman.

^b Dan. 2:44.

8^a SVD mesaj pwofetik ki vin aprè a (vèsè 8–21) se yon avètisman pou dis tribi nò yo, ki rele Izrayèl la.

monte tèt ènmi “Retsen yo kont li, e li pral mete tout ènmi li yo ansanm;

12 Siryen yo devan ak Filisten yo dèyè; e yo pral louvri bouch yo pou yo “devore Izrayèl. Epi, malgre tout bagay sa yo, ^bkòlè li pa p detounen, okontrè, men l fèk kare lonje.

13 Paske pèp la “pa retounen vin jwenn moun k ap frape yo a, ni tou, yo pa chèche Senyè tout Lame yo.

14 Se poutèt sa, Senyè a pral rache tèt ak ke, branch ak fèy Izrayèl nan yon sèl jou.

15 Ansyen an se tèt la, e pwofèt k ap ansenye manti yo se ke a.

16 Paske dirijan pèp sa a lakòz yo egare; e moun ki resevwa direksyon nan men dirijan yo pèdi.

17 Se poutèt sa a, Senyè a pa ka kontan ak jèn gason yo, ni tou li p ap gen “mizèrikòd pou moun ki san papa yo ak vèv yo: paske tout se ipokrit ak malfektè, e bouch yo pale pawòl moun ki ^bfou. Malgre tout bagay sa yo, ^bkòlè li pa detounen, okontrè “men l fèk kare lonje.

18 Paske, mechanste boule tankou dife; li pral devore raje yo ak pikan yo, li pral limen nan pwofondè forè a, yo fè anpil lafi-men monte.

19 Peyi a vin fènwa poutèt ^bkòlè Senyè tout Lame yo, e pèp la pral tankou gaz pou dife a; “pè-sonn p ap epaye pwòp frè l.

20 Epi, moun pral vòlè sou bò dwat, men l ap grangou; “moun pral manje sou bò goch, san l pa satisfè; chak moun pral manje vyann pwòp ponyèt li—

21 “Manase, ^bEfrayim; epi Efrayim, Manase; yo pral tonbe ansanm kont “Jida. Malgre tout bagay sa yo, ^bkòlè li p ap detounen, okontrè, men l fèk kare lonje.

CHAPIT 20

Destriksyon pèp Asiri a se yon egzanp ak destriksyon mechan yo lè Dezyèm Vini an—Sèlman kèk moun pral rete apre Senyè a retounen—Rès Jakòb la pral retounen jou sa a—Konpare Ezayi 10. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

MALÈ pou moun ki pwononse dekrè ki enjis e ki fè pase lalwa ki tèrib.

2 Pou yo kapab wete lajistis nan men pòv yo, pou yo kapab wete dwa pòv ki nan pami pèp mwen an, dechèpiye “vèv yo ak pou yo kapab vòlè lòt ki san papa yo!

3 Epi kisa nou pral fè lè jou “jijman an ak jou dezolasyon yo ki pral vini nan yon tan an? Kiyès nou pral jwenn pou ede nou, epi kote nou pral kite la-
glwa nou?

4 San mwen, yo pral blayi pami prizonye yo epi yo pral tonbe pami mò yo. Malgre tout bagay sa yo, ^bkòlè li p ap

11a 2 Wa 16:5–9.

12a 2 Wa 17:6, 18.

b Eza. 5:25; 10:4.

13a Amòs 4:6–12.

17a GE Mizèrikòd.

b 2 Ne. 9:28–29.

c Jakòb 5:47; 6:4.

19a Miche 7:2–6.

20a Det. 28:53–57.

21a GE Manase.

b GE Efrayim.

c GE Jida.

20 2a GE Vèv.

3a SVD chatiman.

detounen, okontrè, men l ap fèk kare lonje.

5 O, Asiryen yo, baton kòlè m, epi frèt ki nan men yo a se endi-yasyon "pa yo.

6 M pral voye l "kont yon nasyon ipokrit e m pral voye l kont pèp ki fè m fache a pou l piye yo, pou l dechèpiye yo, e pou l pilonnen yo tankou labou ki nan lari.

7 Se pa sa li gen nan tèt li, ni tou, se pa sa ki sou kè l; men, nan kè l li pran desizyon pou l disparèt anpil nasyon.

8 Paske li di: Èske tout prens mwen yo se pa wa yo ye tou?

9 Èske se pa tankou pou ak Kkemich ak Kalno? Tankou pou Apad ak Amat? Tankou pou Damas ak Samari?

10 Menm jan m te poze men "m sou wayòm zidòl yo, ki gen plis imaj taye pase Jerizalèm ak Samari a,

11 Èske m pa kapab fè kont Jerizalèm ak zidòl li yo, tankou m te fè kont Samari ak zidòl li yo?

12 Se poutèt sa se pral konsa, lè Senyè a fin akonpli tout travay li sou Mòn Siyon ak Jerizalèm, m pral pini wa "Asiri a pou ògeye ak awogans li yo.

13 Paske "li di: Se avèk fòs men pa m e ak lasajès pa m mwen te fè bagay sa yo; paske, m entèlijan; e m te pouse fwontyè pèp yo, m te vòlè trezò yo, e m te ra-

bese abitan yo tankou yon nonm vanyan;

14 Epi, m te poze men m sou richès moun yo tankou sou nich; e m te rasanble tout tè a fè yon sèl tankou lè moun ap ranmase ze nan yon nich abandone; e pèsonn pa t menm souke zèl yo, ni louvri bouch yo, ni yon ti krik.

15 "Èske yon "rach kapab gonfle kò li devan yon men k ap sèvi avèk li? Èske yon si kapab monte zèpòl devan moun k ap itilize l? Tankou rigwaz ta kapab souke kò l nan men moun ki leve l la, oubyen, tankou yon baton ta kapab monte tèt li tankou se pa bwa li ye!

16 Se poutèt sa, Senyè a, Senyè tout Lame yo, pral fè gwo nèg li yo vin mèt; e li pral limen yon flanm ki sanble ak flanm dife anba ekla "li yo.

17 E limyè Izrayèl la pral tankou yon dife, e moun Sen Bondye a pral tankou yon flanm k ap boule e k ap devore rasin ak pikan nan yon sèl jou;

18 Epi li pral "detwi nan dife laglwa forè li a, ak bèl jaden plen manje li a, ni kò ni nanm; epi yo pral tankou yon pòt drapo ki febli.

19 Epi, "rès pyebwa yo ki nan forè li a pral tèlman pa anpil, yon timoun pral kapab konte yo.

20 E, se pral konsa, "jou sa a, rès

5a Eza. 10:5.

6a svd kont Izrayèl.

10a svd men wa Asiri a (vèsè 10–11).

12a Sof. 2:13.

13a svd wa Asiri (vèsè 13–14).

15a Tout senbòl yo itilize

nan vèsè sa a poze menm kesyon an: Èske yon nonm (sa vle di wa Asiri) ka venk Bondye?

b svd Èske wa a ka venk Bondye?

16a svd wa Asiri a

(vèsè 17–19 tou).

18a svd Asiri ap disparèt nèt.

19a svd rès ki rete nan lame Asiri.

20a svd nan denye jou yo.

Izrayèl la ak moun ki pa mouri nan pami ^bkay Jakòb la p ap ^capiye sou moun ki te frape yo a, men yo pral apiye sou Senyè a, Sen Izrayèl la, an verite.

21 “Rès la, wi, menm rès Jakòb la pral retounen jwenn Bondye toupuisan an.

22 Menm si pèp Izrayèl ou a ta anpil tankou sab lanmè a, yon rès ladan sèlman pral retounen; e “destriksyon ki gen pou fèt pral fèt la, ^bavèk lajistis.

23 Paske Senyè a, Bondye tout Lame yo pral “fè destriksyon ki te prepare a nan tout peyi a.

24 Se poutèt sa, Senyè a, Bondye tout Lame yo di: O, pèp mwen an ki rete nan Siyon, pa pè Asiryen an; li pral frape nou avèk yon baton epi li pral leve baton l sou nou “menm jan Ejip te fè w la.

25 Nan yon ti tan ankò, chatiman an pral sispann e kòlè mwen pral detwi yo.

26 Epi, Senyè tout Lame yo pral leve yon chatiman pou li, tankou masak “Madyan an, bò wòch Orèb la, e menm jan baton li a te sou lanmè a, se konsa li pral leve l, tankou nan peyi Ejip la.

27 Epi, se pral konsa, nan jou sa a, “chay li a pral sòti sou zèpòl ou, kròk ki dèyè kou w la pral

tonbe, epi kròk la pral kase akòz ^bonksyon an.

28 “L ap mache sou Ajat, li pase nan Migwon; e li kite zafè li yo nan Mikmach.

29 Yo te travèse baryè a; yo te rete nan Geba; Rama pè; e Gibea Sayil la sove.

30 Louvri bouch ou, O pitit fi Galim nan; fè vwa ou sonnen jouk nan Layis, Pinga! Anatòt.

31 Madmena gaye; abitan Gebim rasanble pou yo sove.

32 Malgre sa l ap rete, li pral rete nan Nòb, jou sa a sèlman; li pral menase mòn pitit fi Siyon an kolin Jerizalèm nan.

33 Gade, Senyè a, Senyè tout Lame yo pral rache branch la avèk kòlè; sa ki “wo yo pral desann anba e sa ki awogan yo pral imilye.

34 Li pral koupe epesè forè a avèk fè, e Liban pral tonbe anba yon moun ki pwisan.

CHAPIT 21

Branch Izayi a (Kris) pral jije avèk lajistis—Konesans Bondye pral kouvri tè a nan Milenyòm nan— pral leve yon drapo pou l rasanble Izrayèl—Konpare Ezayi 11. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

EPI yon “flèch ^bpral sòti nan

20b Amòs 9:8–9.

c svd depan.

21a Eza. 11:11–12.

22a D&A 63:34.

GE Mond—Finisman mond lan.

b svd menm lè chatiman vini, mizerikòd disponib.

23a svd koz ki dekrete

destriksyon an.

24a svd menm jan Ejiptisyans yo te konn fè nan tan lontan.

Egz. 1:13–14.

26a Jen. 25:1–2;

Jij 7:25.

27a Eza. 14:25.

b GE Wen An.

28a svd Vèsè 28–32 trase

pwogrè lame

Asiryen yo sou Jerizalèm; apre sa vèsè 33–34 dekri entèvansyon Senyè a kont yo nan yon sans senbolik.

33a Ela. 4:12–13.

21 1a D&A 113:3–4.

b D&A 113:1–2.

‘Izayi, e yon branch pral sòti nan rasin li yo.

2 Epi ‘Lespri Senyè a pral re-poze sou li, lespri lasajès ak entèlijans, lespri konsèy ak fòs, lespri bon konprann ak lakrent pou Senyè a;

3 Epi li pral fè l konprann vit nan lakrent pou Senyè a; e li p ap pote ‘jijman sou aparans, ni tou li p ap reprimande daprè sa zòrèy li tande.

4 Men li pral sèvi ak ‘lajistis pou l jije pòv yo, e li pral fè ‘reprimand egalego pou moun ‘dosil ki sou tè a; li pral frape tè a avèk baton bouch li, e li pral touye mechan yo avèk van bouch li.

5 Epi lajistis pral sèvi l senti-won nan ren l, e fidelite pral sèvi kòd sentiwon nan ‘ren li.

6 Lou pral rete avèk ti mouton, leyopa pral kouche bò kote ti kabrit, e ti bèf, ti lyon ak gwo bèf gra pral ansanm; e yon timoun piti pral mennen yo.

7 Epi femèl bèf pral manje ak lous; e pitit yo pral kouche ansanm; e lyon pral manje zèb tankou towò bèf.

8 Epi timoun nan tete pral jwe

nan twou koulèv pwazonnen, e timoun ki sòti nan tete pral foure men l nan twou ‘koulèv bazilik.

9 P ap gen ‘ni blesi ni destriksyon sou tout mòn sen mwen an, paske tè a pral ranpli avèk ‘bonkonprann Senyè a, menm jan dlo kouvri lanmè a.

10 Epi, ‘jou sa a, gen yon ‘basin Izayi ki pral kanpe tankou banyè pou pèp yo; ‘Janti yo pral chèche ‘l; e repo li pral gloriye.

11 Epi, se pral konsa, jou sa a, Senyè a pral lonje men l yon ‘dezyèm fwa pou l retounen rès pèp li a ki pral rete nan peyi Asiri, nan peyi Ejipt, nan peyi Patwòs, nan peyi Etyopi, nan peyi Elam, nan peyi China, nan peyi Amat, ak zile ki nan lanmè yo.

12 Epi li pral plante ‘drapo yon pou nasyon yo, e li pral rasanble ‘begzile pèp Izrayèl yo, e li pral ‘rasanble moun Jida yo ki te dispèsè a ansanm, sòti nan kat kwen tè a.

13 ‘Jalouzi Efrayim nan pral sispann, epi advèsè Jida yo pral disparèt; ‘Efrayim p ap jalou kont ‘Jida, epi Jida p ap atake Efrayim.

1c Izayi se te papa David; donk yo pran kòm referans liye jenyalojik wayal David la nan kote Jezi fèt la.
Miche 5:2;
Ebre 7:14.
GE Izayi.
2a Eza. 61:1–3.
3a Jan 7:24.
4a Sòm 72:2–4;
Mozya 29:12.
b NLE li vle di deside.
c GE Dou, dousè.
5a OUBYEN senti.

8a yon lòt sèpan pwazonnen.
9a Eza. 2:4.
GE Milenyòm.
b D&A 101:32–33; 130:9.
10a svd nan denye jou yo.
I—JS 1:40.
b Wom. 15:12;
D&A 113:5–6.
c OUBYEN nan li.
d D&A 45:9–10.
11a 2 Ne. 6:14; 25:17; 29:1.
12a GE Banyè.
b 3 Ne. 15:15; 16:1–4.
c Ney. 1:9;
1 Ne. 22:10–12;

D&A 45:24–25.
GE Izrayèl—
Rasanbleman
Izrayèl la.
13a Jer. 3:18.
b Tribi Jida Efrayim te kondwi yo te enmi daprè istwa (apre evenman 1 Wa 12:16–20 yo). Nan denye jou yo koupe fache sa a gen pou l rezoud.
Ezek. 37:16–22.
GE Anvi.
c GE Jida.

14 Men yo pral “vole sou zèpòl Filisten yo nan direksyon lwès; yo pral piye moun oryan yo an-sanm; yo pral mete men yo sou Edòm ak Moab; e pitit Amon yo pral obeyi yo.

15 Epi Senyè a pral “detwi branch lanmè Ejiptyen yo nèt; e avèk gwo van li a, li pral souke men l sou rivyè a, e li pral frape l nan sèt kouran li yo pou l fè wout nan mitan l pou lèzòm.

16 Epi, pral gen yon “gran chemen pou rès pèp li a ki pral rete nan Asiri, menm jan sa te ye pou Izrayèl nan jou li te monte sòti nan peyi Ejipt la.

CHAPIT 22

Tout moun pral louwe Senyè a nan jou milenyòm nan—Li pral rete nan pami yo—Konpare Ezayi 12. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

EPI, jou sa a, ou pral di: O Senyè, m ap louwe w; malgre ou te fache kont mwen, kòlè w sispann, epi w ban m kouraj.

2 Gade, Bondye se sali m; m ap “kwè, e m p ap pè; paske Senyè a ^bJEWOVA se fòs mwen ak chante mwen; li vin tounen sali m tou.

3 Se poutèt sa, ou pral tire “dlo nan pwi sali yo ak lajwa.

4 Epi, jou sa a nou pral di: “Louwe Senyè a, rele non li, pale sa li fè nan pami pèp, la fè konnen non li egzalte.

5 “Chante pou Senyè a; paske li te fè bagay ki ekselan; tout tè a konn sa.

6 Nou menm abitan Siyon yo, louvri bouch nou laj, “rele paske Sen Izrayèl la gran nan pami nou.

CHAPIT 23

Destriksyon Babilòn nan reprezante yon modèl destriksyon nan Dezyèm vini an—Se pral yon jou kòlè ak vanjans—Babilòn (mond lan) pral tonbe pou tout tan—Konpare Ezayi 13. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

“AVÈTISMAN kont ^bBabilòn, Ezayi, pitit Amòz la te resevwa.

2 Leve yon “drapo sou tèt gwo mòn nan, rele fò pou yo tande, ^bvoye men ba yo pou yo ka antre nan pòt moun debyen yo.

3 M te kòmande moun “sanktifye m yo, m te rele moun pui-san m yo tou, paske kòlè m pa sou moun ki rejwi nan majeste m.

4 Epi bri foul moun yo sou mòn yo tankou vwa yon gran pèp, gwo bri anpil “wayòm nasyon

14a SVD atake sitwayen oksidantal yo ki se tèritwa Filisten.

15a Zak. 10:11.

16a Eza. 35:8; D&A 133:27.

22 2a Mozya 4:6; Ela. 12:1.

b Egz. 15:2; Sòm 83:18. GE JEWOVA.

3a GE Dlo Vivan.

4a GE Rekonesan, remèsiman.

5a D&A 136:28.

6a Eza. 54:1; Sof. 3:14.

23 1a SVD mesaj sou finisman traka.

b Eza. 13 ak 14 te pwofetize destriksyon istorik. Babilòn, mechan an epi li te vin yon

senbòl konsènan destriksyon tout mond lan.

D&A 133:5, 7, 14. GE Babel, Babilòn.

2a OUBYEN banyè. GE Banyè.

b SVD souke men, bay yon siyal.

3a SVD sen yo.

4a Zak. 14:2–3.

ki ^brasanble ansanm, Senyè tout Lame yo ap enspekte sòlda li yo.

5 Yo sòti nan yon peyi lwen, nan ekstremite syèl la, wi, Senyè a ak zam endiyasyon li yo, pou detwi tout tè a.

6 Jemi, paske jou Senyè a tou pre; li pral vin tankou yon destriksyon ki sòti kote Toupuisan an.

7 Se poutèt sa tout men pral febli, kè chak moun pral kase;

8 Epi yo pral pè; doulè ak tristès pral anvayi yo; youn pral sezi wè lòt; figi yo pral tankou flanm.

9 Gade, jou Senyè a rive, jou raj ak vanjans e avèk move kòlè, pou l fè tè a tounen dezè; e li pral "detwi pechè yo sou tè a.

10 Paske, zetwal ak lòt limyè nan syèl la pral sispann klere; "solèy la pral fènwa pandan l ap vire, e lalin nan pral fè limyè l etenn.

11 Epi, m pral "pini mond lan poutèt move zèv, ak mechan yo, poutèt inikite yo; m pral fè awogans moun ^bògeye yo sispann, e m pral kraze frekansite moun ki gen gwo kòlèt.

12 M pral fè yon "nonm pi chè pase lò rafine; pi chè menm pase lò rafine ki nan peyi Ofi.

13 Se poutèt sa m pral souke syèl la, e tè a pral "sòti nan plas li, nan kòlè Senyè tout Lame yo, e nan jou vanjans li a.

14 E, li pral tankou bèt k ap

kouri devan chasè ak mouton abandone; e chak moun pral leve kont fanmi l, e chak moun pral sove kite peyi pa l.

15 Tout moun ki gen lògèy pral tonbe; wi, e tout moun ki fè pati nan pami mechan yo pral tonbe anba epe.

16 Pitit yo pral rache fè ti myètmoso devan je yo; kay yo pral ravaje e moun pral vyole madanm yo.

17 Gade, m pral fè moun peyi Mèd yo leve kont yo, pou yo pa okipe ni lajan ak lò, ni pran plezi nan sa.

18 Flèch yo pral rache jèn gason yo fè ti myètmoso; yo p ap gen pitye pou fwi ki nan vant; je yo p ap pase kite timoun.

19 Epi, Babilòn ki fè laglwa wayòm yo, pi "bèl nan tout bèl bagay Kalde a, pral vin tankou lè Bondye te chavire ^bSodòm ak Gomò.

20 Li p ap janm gen "abitan, ni tou moun p ap janm rete ladan l depi nan yon jenerasyon jouk nan lòt: ni Arab p ap mete tant yo ladan l; ni bèje p ap gade mouton ladan l.

21 Men "bèt sovaj nan dezè a pral vini ladan l; kay yo pral ranpli avèk vye bèt enfreyan; koukou pral rete ladan yo, e ^bdemon pral danse ladan l.

22 E, bèt sovaj nan zile yo pral rele nan "kay abandone yo, e ^bdragon nan bèl palè yo; tan

4b Zak. 12:3.

9a GE Tè—Netwayaj tè a.

10a GE Mond—Finisman mond lan.

11a Mal. 4:1.

b D&A 64:24.

12a Eza. 4:1-4.

13a GE Tè—Eta final tè a.

19a svd vanite.

b Jen. 19:24-25;

Det. 29:23;

2 Ne. 13:9.

20a Jer. 50:3, 39-40.

21a Eza. 34:14-15.

b NLE li vle di bouk kabrit yo, oubyen demon yo.

22a NLE li vle di palè yo.

b NLE li vle di (petèt) jakal, oubyen chen sovaj.

Babilòn prèske rive, e jou li p ap pwolonje. Paske, m pral detwi l preseprese; wi, paske m pral gen mizèrikòd pou pèp mwen an, men, mechan yo pral peri.

CHAPIT 24

Izrayèl pral rasanble, e li pral jwi repo milenyòm nan—Yo te chase Lisifè sòti nan syèl la kòm rebèl—Izrayèl pral triyonfe sou Babilòn (mond lan)—Konpare Ezayi 14. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

PASKE Senyè a pral gen mizèrikòd pou Jakòb, e li pral ^achwazi Izrayèl ankò, li pral tabli yo nan tè yo a; epi ^betranje yo pral melanje ak yo, e yo pral fè tèt kole avèk kay Jakòb la.

2 ^aEpi pèp la pral pran yo pou mennen yo nan plas yo a; wi, sòti lwen nan tout kwen tè a; epi yo pral retounen nan ^btè pwomiz yo a. Epi kay Izrayèl la pral posede l ankò, tè Senyè a pral pou ^csèvitè ak bòn; epi yo pral mete nan prizon moun ki te mete yo nan prizon yo a; epi yo pral gouvène opresè yo.

3 Epi, se pral konsa, jou sa a, Senyè a pral ba w ^arepo, anba lapenn ou, ak lakrent ou, ak anba esklavaj di sa yo te mete w la.

4 Epi, se pral konsa, jou sa a, ou pral fè sa tounen pwovèb e

kont wa ^aBabilòn nan, ou pral di: Kote opresè a pase, kote vil lò a pase!

5 Senyè a te kase baton mechan yo, baton dominatè yo.

6 Moun ki te frape pèp la avèk vanjans la, ki t ap plede bat li a, moun ki te gouvène nasyon yo ak kòlè a, kounyeya, li nan pèsekisyon, e pèsonn pa pote l sekou.

7 Tout tè a ap repoze, yo nan trankilite; yo tonbe ^achante.

8 Wi, ^apye bwapen yo, ak pye bwa sèd Liban yo rejwi pou ou, yo di: Depi lè w ^btonbe a ^cpèsonn pa vini pou koupe nou ankò.

9 ^aLanfè a louvri zantray li pou l vin rankontre w; li leve ^bmò yo pou ou, menm tout gwo tèt ki te mouri yo; li te fè tout wa nasyon yo leve sou twòn yo.

10 Yo tout pral pale e yo pral di ou: Èske ou vin fèb tankou nou tou? Èske w vin tankou nou?

11 Gran pan-pan ou yo desann nan tonm; moun pa tandè vyolon ou yo; vè gaye sou ou, e vè kouvri ou.

12 ^aKòman ou fè tonbe sòti nan syèl la, O ^bLisifè, pitit gason maten an! Èske se chit ou, sa fè nasyon yo te afebli!

13 Paske, nan kè w, ou te di: ^aM pral monte anwo nan syèl la, m pral mete fotèy mwen pi wo zetwal Bondye yo; m pral

24 1a Zak. 1:17.

b Eza. 60:3-5, 10.

2a SVD lòt nasyon yo ta dwe ede Izrayèl.

b GE Tè pwomiz.

c Eza. 60:14.

3a Joz. 1:13; D&A 84:24.

4a GE Babèl, Babilòn.

7a Eza. 55:12.

8a NLE li vle di siprè.

b SVD nan lanmò.

c NLE moun k ap koupe pyebwa a pa vin kont nou.

9a GE Lanfè.

b SVD lespri dezenkane.

12a D&A 76:26.

b NLE li vle di dyab,

Lisifè. Chèf mond mechan an (Babilòn) vle di Lisifè, mèt tout mechanste.

GE Dyab;

Lisifè.

13a Moyiz 4:1-4.

chita sou mòn kongregasyon an, nan ekstremitè ^bnò a;

14 M pral monte anlè sou tèt nyaj yo; m pral vin tankou Bondye Ki Pi Wo a.

15 Men, ou pral desann nan lanfè, nan ekstremitè ^atwou a.

16 Moun ki wè w, yo pral ^apwoche pi pre w, yo pral gade w, e yo pral di: Èske se nonm sa a ki te fè tè a tranble a, e ki te souke wayòm yo?

17 Ki te fè mond lan tankou yon dezè, ki te detwi vil yo, e ki pa t louvri kay prizonye l yo?

18 Tout wa nasyon yo, wi, yo tout kouche nan laglwa, yo chak nan ^akay pa yo.

19 Men yo jete w sou tonm ou tankou yon ^avyè branch, e tankou rès moun ki te mouri yo, ki te tonbe anba kout epe, ki desann sou ^bwòch yo nan twou a; tankou kadav yo pilonnen.

20 Ou p ap antere menm kote avèk yo, paske w detwi peyi w, e ou touye pèp ou a; ^adesandan ^bmechan yo p ap janm gen bon renome.

21 Pare destriksyon timoun li yo poutèt ^ainikite papa yo, pou yo pa leve, pran peyi a, ni tou pou yo pa ranpli sifas mond lan avèk vil.

22 Paske Senyè tout Lame yo di: M pral leve kont yo, e Senyè a di: M ap wete ^anon Babilòn nan, ak rès yo, ak pitit gason yo, ak ^bneve yo.

23 Senyè tout Lame yo di: M pral fè l tounen ^akay pou bèt ak marekaj e m pral bale l avèk bale destriksyon m.

24 Senyè tout Lame yo te fè sèman, li di: Sètènman, jan m te panse a, se konsa l ap pase; epi jan m te vle a se konsa l ap rete—

25 M pral mennen ^aAsiryen yo nan peyi m nan, e m pral pye-tine l sou mòn ^bmwen an; lè sa a ^apouvwa l pral soti sou yo, e fado li pral soti sou zèpòl yo.

26 ^aSa se desizyon m pran avèk tout tè a; epi sa se men ki lonje sou tout nasyon yo.

27 Paske, Senyè tout Lame yo te pran desizyon, ki moun ki kapab detounen l? Epi, men l lonje, ki moun ki kapab desann li?

28 Pwofesi sa a te fèt nan ^aane wa ^bAkaz te mouri a.

29 Pa rejwi nou, moun Filisti, paske baton moun ki t ap frape w la kase; paske yon ti koulèv pwazonnen pral sòti nan rasin manman koulèv la, e pitit li a pral yon sèpan dife avèk zèl.

30 Èpi premye pitit pòv yo

13b svd rezidans bondye yo dapre kwayans Babilòn.
Sòm 48:2.

15a 1 Ne. 14:3.

16a NLE li vle di gade w epi medite sou ou.

18a svd tonb fanmi li.

19a svd yon branch ki pa vo anyen ke yo koupe epi jete.

b svd anba nèt la.

20a Sòm 21:10–11; 37:28.

b GE Mechan, mechanste.

21a Egz. 20:5.

22a Pwov. 10:7.

b Jòb 18:19.

23a Eza. 34:11–15.

25a sijè a vire: atak ak chit Asiri nan jida nan 701 ANVAN JEZIKRI (vèsè 24–27).

2 Wa 19:32–37;

Eza. 37:33–38.

b svd mòn Jida ak

Izrayèl yo.

c Eza. 10:27.

26a svd anfen tout nasyon pwofan yo ap chavire nan fason sa a.

28a svd Anviron 720

ANVAN JEZIKRI, dekrè sa a te pwofetize destriksyon Filisten yo pandan jida ap an sekirite.

b 2 Wa 16:20.

pral jwenn manje, epi moun ki nan bezwen yo pral repoze nan sekirite; epi m pral touye rasin ou avèk famin, epi li pral touye rès ou yo.

31 Jemi, O baryè; kriye, O vil; ou menm, tè Filisti nan, ou fini; paske yon lafimen pral leve nan nò, e pèsonn p ap pou kont li nan lè yo ba li a.

32 Kisa moun k ap preche nasyon yo pral di? Yo pral di Senyè a te fè fondasyon “Siyon, e moun ^bpòv yo ki nan pami pèp li a pral chèche refij ladan l.

CHAPIT 25

Nefi pran plèzi nan bagay ki klè—Moun pral konprann pwofesi Ezayi yo nan dènye jou yo—Juif yo pral retounen sòti nan Babilòn, yo pral krisifye Mesi a, yo pral dispèse e yo pral sibi chatiman—Yo pral restore lè yo kwè nan Mesi a—Premyèman, li pral vini nan sissan ane apre Leyi te fin kite Jerizalèm—Nefit yo respekte lalwa Moyiz e yo kwè nan Kris la, ki se Sen Izrayèl la. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, mwen menm Nefi, m ap yon jan pale konsènan pawòl m te ekri, ki te soti nan bouch Ezayi yo. Paske gade, Ezayi te pale anpil bagay ki te “difisil pou anpil moun nan pèp mwen an te konprann; paske yo pa t konnen anyen konsènan pawòl pwofesi nan pami Juif yo.

2 Paske, mwen menm Nefi, m

pa t ansenye yo anpil bagay konsènan manyè Juif yo; paske “zèv yo te zèv tenèb, e bagay yo te fè sete bagay abominab.

3 Se poutèt sa, m ekri pou pèp mwen an, pou tout moun ki pral resevwa bagay m ekri yo, pou yo kapab konnen jijman Bondye yo, ki vini sou tout nasyon, dapre pawòl li te pale.

4 Se poutèt sa, koute, O pèp mwen an, ki fè pati nan kay Izrayèl la, tandè pawòl mwen yo; paske pawòl Ezayi yo pa klè pou nou, men yo klè pou tout moun ki ranpli avèk “lespri ^bpwofesi a. Men, m ap ba nou yon pwofesi, dapre lespri ki nan mwen; se poutèt sa, m pral pwofetize dapre “klète ki te nan mwen depi lè m te kite Jerizalèm avèk papa m; paske gade, nanm mwen pran plèzi nan bagay klè pou pèp mwen an, pou yo kapab aprann.

5 Wi, nanm mwen pran plèzi nan pawòl “Ezayi yo, paske m te soti nan Jerizalèm, e je m te wè bagay ^bJuif yo, e mwen konnen Juif yo konprann bagay pwofèt yo, e pa gen okenn lòt pèp ki konprann bagay yo te pale Juif yo tankou yo, sèlman si yo te ansenye yo dapre jan bagay Juif yo fèt.

6 Men gade, mwen menm Nefi, m pa t ansenye pitit mwen yo dapre jan Juif yo fè; pou tèt pa m, m te rete nan Jerizalèm, m konnen konsènan rejyon an; e m te pale avèk pitit mwen yo

32a GE Siyon.
b Sof. 3:12.
25 1a 2 Ne. 25:5–6.
2a 2 Wa 17:13–20.

4a GE Sentespri.
b GE Pwofesi, pwofetize.
c 2 Ne. 31:3; 33:5–6;
Jakòb 4:13.

5a 1 Ne. 19:23;
3 Ne. 23:1.
b GE Juif yo.

konsènan jijman Bondye, ki te "tonbe sou Juif yo, pou pitit mwen yo, daprè tout sa Ezayi te pale, e m pa ekri yo.

7 Men gade, m ap kontinye ak pwofesi pa m, selon "klète mwen; e m konnen pèsonn pa kapab pèdi ladan l; se poutèt sa, lè pwofesi Ezayi yo akonpli lè-zòm pral konnen sètènman, lè yo akonpli.

8 Se poutèt sa, yo gen "valè pou pitit lèzòm, e yon moun ki konprann yo pa gen valè, se avèk moun sa a menm m ap pale, men m ap limite pawòl yo pou ^bpwòp pèp mwen an; paske m konnen yo pral gen anpil valè pou yo nan "dènye jou yo; paske jou sa yo pral konprann yo; se poutèt sa, m te ekri pou byen yo.

9 Epi, menm jan yon jenerasyon te "detwi nan pami Juif yo poutèt inikite li, se konsa yo te detwi depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon daprè inikite yo; e youn ladan yo pa t janm detwi san pwofèt Senyè a yo pa t ^bavèti yo konsènan sa.

10 Se poutèt sa, yo te resevwa avètisman konsènan destriksyon yo ki te gen pou tonbe sou yo, imedyatman apre papa m te fin kite Jerizalèm; men, yo te fè kè di; e daprè pwofesi pa m, yo deja

"detwi, eksepte moun yo ^bmenmen prizonye nan Babilòn yo.

11 Epi kounyeya, m di sa akòz lespri a ki nan mwen an. Epi, malgre yo te mennen yo lwen, yo pral retounen ankò pou yo posede tè Jerizalèm nan; se poutèt sa, yo pral "tabli ankò nan tè eritaj yo a.

12 Men gade, yo pral gen lagè, ak mouvman pou lagè; epi lè jou a rive pou "Sèl Pitit Literal Papa a, wi, Papa syèl ak tè a menm, fè yo wè l nan kò fizik la, yo pral rejte l, poutèt inikite yo, ak kè di yo, ak kou rèd yo.

13 Gade, yo pral "krisifye l; e apre l fin dòmi nan yon ^btonm pou "twa jou, li pral ^aleve nan pami mò yo, avèk gerizon nan zèl li; epi tout moun ki kwè nan non li pral sove nan wayòm Bondye a. Se poutèt sa, nanm mwen pran plèzi pou l pwofetize konsènan li, paske m te "wè epòk li a, e kè m mayifye non sen li a.

14 Epi gade se pral konsa, apre "Mesi a fin leve nan pami mò yo, e li te fin fè pèp li a wè l, lè l fin fè tout moun ki kwè nan non l yo wè l, lè sa a, Jerizalèm pral ^bdetwi ankò; paske, malè pou moun ki goumen kont Bondye ak pèp legliz li a.

15 Se poutèt sa, "Juif yo pral

6a 2 Ne. 6:8; Ela. 8:20-21.

7a 2 Ne. 32:7;

Alma 13:23.

8a GE Ekriti yo—

Valè ekriti yo.

b Enòs 1:13-16;

Mòm. 5:12-15;

D&A 3:16-20.

c GE Dènye jou yo.

9a Jer. 39:4-10;

Mat. 23:37-38.

b Amòs 3:7;

1 Ne. 1:13.

10a 1 Ne. 7:13;

2 Ne. 6:8;

Omni 1:15;

Ela. 8:20-21.

b 2 Wa 24:14;

Jer. 52:3-16.

11a Esd. 1:1-4;

Jer. 24:5-7.

12a GE Sèl pitit literal.

13a Lik 23:33.

b Jan 19:41-42;

1 Ne. 19:10.

c Lik 24:6-7;

Mozya 3:10.

d GE Rezirèksyon.

e 1 Ne. 11:13-34.

14a GE Mesi.

b Lik 21:24;

M—JS 1:1-18.

15a GE Juif yo.

^bdispèse nan pami tout nasyon; wi, e ^cBabilòn pral detwi tou; se poutèt sa, lòt nasyon pral dispèse Juif yo.

16 Epi, apre yo fin dispèse, e Senyè Bondye a te fin fè lòt nasyon chatye yo pandan anpil jenerasyon, wi, menm depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon jistan yo oblije ^akwè nan Kris la, Pitit Gason Bondye a, ak ekspyasyon an, ki enfini pou tout limanite a—e lè yo kwè nan Kris la, ak adore Papa a nan non li, avèk kè pi ak men pwòp, san rete tann yon lòt Mesi ankò, lè sa a, li pral nesese pou yo kwè nan bagay sa yo.

17 Epi, Senyè a pral lonje men l yon dezyèm fwa pou l ^arestore pèp li a anba eta pèdi ak chit yo a. Se poutèt sa, li pral kòmanse fè yon ^bgwo travay ak yon mèvèy nan pami pitit lèzòm.

18 Se poutèt sa, li pral pote ^apawòl li ba yo, se pawòl sa yo ki pral ^bjije yo nan dènnye jou yo, paske rezon pawòl sa yo se pou ^ckonvenk yo konsènan vrè Mesi a, yo te rejte a; e pou konvenk yo pou yo pa ret tann yon lòt Mesi k ap vini, paske p ap gen okenn lòt Mesi k ap vini, eksepte yon ^dfo Mesi ki pral twonpe pèp la; paske pwofèt

yo te pale konsènan yon sèl Mesi, e se Mesi sa a Juif yo pral rejte a.

19 Paske, dapre pawòl pwofèt yo, ^aMesi a pral vini nan ^bsissan ane kòmanse nan lè papa m te kite Jerizalèm nan; e dapre pawòl pwofèt yo, ak pawòl ^czanj Bondye a, yo pral rele li Jezikri, Pitit Gason Bondye a.

20 Epi kounyeya, frè m yo, m te pale klè pou nou pa egare. Epi menm jan Senyè Bondye a ki te fè Izrayèl ^asòti nan peyi Ejipt la vivan, e li te bay Moyiz pouvwwa pou l ^bgeri nasyon yo lè ^csèpan pwazonnen an te fin pike yo a, si yo ta gade sèpan li te mete devan yo a, e menm jan li te bay Moyiz pouvwwa pou l frape ^awòch la pou dlo te kapab sòti; wi, gade, m di nou, menm jan bagay sa yo se verite, e menm jan senyè Bondye a vivan, pa gen okenn lòt ^anon anba syèl la, eksepte Jezikri sa a m te pale a, se li menm sèl ki kapab sove lèzòm.

21 Se poutèt sa, Senyè Bondye a te pwomèt mwen pou l konsève bagay m ^aekri yo, e l ap pase yo pou desandan m, depi nan youn jenerasyon jouk nan youn lòt jenerasyon, pou pwomès li te fè Jozèf la kapab

15b Ney. 1:8–9; 2 Ne. 10:6.

^c GE Babel, Babilòn.

16a 2 Ne. 10:6–9; 30:7;

Mòm. 5:14.

17a 2 Ne. 21:11–12; 29:1.

GE Retablisman

levanjil la.

^b Eza. 29:14;

2 Ne. 27:26;

3 Ne. 28:31–33.

18a 2 Ne. 29:11–12;

33:11, 14–15.

^b GE Jijman, Dènnye a.

^c 2 Ne. 26:12–13.

^d GE Antekris.

19a GE Jezikri—Pwofesi konsènan nesans ak lanmò Jezikri.

^b 1 Ne. 10:4;

3 Ne. 1:1, 13.

^c 2 Ne. 10:3.

20a Egz. 3:7–10;

1 Ne. 17:24, 31; 19:10.

^b Jan 3:14; 1 Ne. 17:41.

^c Nonb 21:8–9;

Alma 33:19;

Ela. 8:14–15.

^d Egz. 17:6;

Nonb 20:11;

1 Ne. 17:29; 20:21.

^e Oze 13:4;

Tra. 4:10–12;

Mozya 5:8;

Moyiz 6:52.

GE Sovè.

21a 2 Ne. 27:6–14.

akonpli, lè l te di l, desandan li yo p ap janm ^bperi tout tan tè a egziste.

22 Se poutèt sa, tout tan tè a egziste, bagay sa yo ap pase depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon; e yo prale pase dapre volonte Bondye; e nasyon ki posede yo gen pou yo “jije dapre pawòl ki ekri yo.

23 Paske nou travay avèk dili-jans pou nou ekri, pou nou “pè-syade pitit nou yo ak frè nou yo, pou yo kwè nan Kris la, e pou yo rekonsilye ak Bondye; paske nou konnen se pa mwayen ^blagras nou sove apre tout sa nou kapab fè.

24 Epi, poutèt sa si nou kwè nan Kris la, nou “respekte lalwa Moyiz la, e nou espere Kris la san gade dèyè, jistan lalwa a akonpli.

25 Paske yo te, ban nou ^alalwa a, poutèt sa, lalwa a te vin ^bsan valè pou nou, nou vin vivan nan Kris la poutèt lafwa nou; men nou kenbe lalwa a poutèt kòmandman yo.

26 Epi, “nou pale konsènan Kris la, nou pran plezi nan Kris la, ^bnou preche konsènan Kris la, nou pwofetize konsènan Kris la, e nou ekri dapre pwofesi nou yo, pou ^cpitit nou yo kapab konnen

nan ki sous pou yo chèche ^dpa-don pou peche yo.

27 Se poutèt sa, nou pale konsènan lalwa a pou pitit nou yo kapab konnen akonplisman lalwa a; e si yo konnen akonplisman lalwa, pou yo kapab chèche lavi ki nan Kris la, e pou yo kapab konnen poukisa yo te ban nou lalwa a. Epi, apre lalwa a fin akonpli nan Kris, yo pa dwe fè kè di kont li lè lalwa a dwe fini.

28 Epi kounyeya, gade pèp mwen an, ou se yon pèp ki gen ^akou rèd; se poutèt sa, m te pale klè pou nou kapab konprann. Epi, pawòl m te pale yo ap sèvi kòm yon ^btemwayaj kont nou; paske yo ase pou ^canseye nenpòt moun bon chemen an; paske bon chemen an se pou nou kwè nan Kris la, pou nou pa nye l; paske lè nou nye l la, ou nye pwofèt yo ak lalwa a.

29 Kounyeya, m di nou bon chemen an se pou nou kwè nan Kris la, pou nou pa nye l; e Kris la se Sen Izrayèl la; se poutèt sa, nou dwe bese tèt devan l, nou dwe adore l avèk tout ^apouvwa, panse, ak fòs, ak tout nanm nou; e si nou fè sa, pa gen okenn fason pou yo chase nou.

30 Epi, tout tan li posib, nou dwe respekte rekòmandasyon

21 *b* Amòs 5:15;
2 Ne. 3:16;
Alma 46:24–27.
22 *a* 2 Ne. 29:11;
33:10–15;
3 Ne. 27:23–27.
23 *a* GE Timoun,
timoun yo.
b Wom. 3:23–24;
2 Ne. 2:4–10;
Mozya 13:32;

Alma 42:12–16;
D&A 138:4.
GE Gras.
c Jak 2:14–26.
GE Zèv.
24 *a* Jakòb 4:4–5.
25 *a* GE Lwa Moyiz.
b Wom. 7:4–6.
26 *a* Jakòb 4:12;
Jawòm 1:11;
Mozya 3:13.

b Lik 10:23–24.
c GE Timoun,
timoun yo.
d GE Remisyon
peche yo.
28 *a* Mozya 3:14.
b GE Temwayaj.
c 2 Ne. 33:10.
29 *a* Det. 6:5;
Mak 12:29–31.

ak "òdonans Bondye yo jistan lalwa Moyiz te resevwa a akonpli.

CHAPIT 26

Kris la pral egzèsè ministè l kay Nefit yo—Nefi prevwa destriksyon pèp li a—Vwa yo pral soti anba tè a—Janti yo pral bati fo legliz ak konbinezon sekrè—Senyè a defann lèzòm pratike entrig prèt. Anviwon 559-545 ANVAN JEZIKRI.

EPI, apre Kris la fin "leve nan pami mò yo, li pral fè nou ^bwè l, pitit mwen yo, frè byenneme yo; e pawòl li pral pale nou yo pral sèvi kòm "lalwa pou nou obsève.

2 Paske gade, m di nou, m te wè anpil jenerasyon pase, e pral gen gwo lagè ak chirepit nan pami pèp mwen an.

3 Epi, apre Mesi a fin vini, pèp mwen an pral resevwa "siy konsènan ^bnesans li, lanmò l ak rezirèksyon l; e gran jou sa a pral terib pou mechan yo, paske yo pral peri; yo peri poutèt yo chase pwofèt yo, ak sen yo, e yo lapide yo avèk kout wòch, e yo touye yo; se poutèt sa, kriye "san moun ki sen yo pral sòti nan tè a pou monte anlè kote Bondye kont yo.

4 Se poutèt sa, tout moun ki gen lògèy, e k ap fè mechanste,

jou k ap vini an pral l "boule yo, paske, Senyè tout Lame yo di, yo pral tankou pay.

5 Epi, moun ki touye pwofèt yo, ak sen yo, Senyè tout Lame yo di, pwofondè tè a pral ^alouvre pou vale yo; ^bmòn yo pral kouvri yo, toubiyon pral pote yo ale, e bilding yo pral tonbe sou yo pou kraze yo fè ti miyèt-moso yo pral moulen tankou poud.

6 Epi, loray, ak zeklè, ak tranbleman tè, ak tout kalite destriksyon pral vizite yo, paske dife kòlè Senyè a pral limen kont yo, yo pral tankou pay, e Senyè tout Lame yo di, jou k ap vini an pral kankannen yo.

7 O, nanm mwen ranpli doule ak lapenn poutèt masak pèp mwen an! Paske, mwen menm Nefi, m te wè l, e sa fè m prèske kankannen devan prezans Senyè a; men, m dwe kriye nan pye Bondye m nan: Chemen ou yo "jis.

8 Men gade, moun ki jis ki koute pawòl pwofèt yo, ki pa detwi yo, e ki rete tann san gade dèyè nan Kris la pou siy yo, malgre tout "pèsekisyon—gade, se moun sa yo ki ^bpap peri.

9 Men, Pitit Gason lajistis la pral ^aparèt devan yo; li pral ^bgeri yo, e yo pral gen "lapè avèk li, jistan ^dtwa jenerasyon fin pase,

30a GE Òdonans yo.

26 1a 3 Ne. 11:1-12.

b 1 Ne. 11:7; 12:6.

c 3 Ne. 15:2-10.

3a 1 Ne. 12:4-6.

GE Siy.

b GE Jezikri—Pwofesi konsènan nesans ak lanmò Jezikri.

c Jen. 4:10;

2 Ne. 28:10;

Mòm. 8:27.

4a 3 Ne. 8:14-24;

9:3, 9.

5a 1 Ne. 19:11;

3 Ne. 10:14.

b 3 Ne. 8:10;
9:5-8.

7a GE Jistis.

8a GE Pèsekisyon,
pèsekite.

b 3 Ne. 10:12-13.

9a 3 Ne. 11:8-15.

b 3 Ne. 17:7-9.

c 4 Ne. 1:1-4.

d 1 Ne. 12:11-12;
3 Ne. 27:30-32.

e anpil nan 'katriyèm jenerasyon an pral pase nan lajistis.

10 Epi, lè bagay sa yo te fin pase, yon "destriksyon rapid pral tonbe sou pèp mwen an; menm si sa fè nanm mwen lapenn, m te wè l; se poutèt sa, m konnen l ap pase; e yo vann tèt yo pou anyen; paske, pou rekonpans lògèy ak foli yo, yo pral rekòlte destriksyon; paske yo pito koute dyab la e yo chwazi travay tenèb pase pou yo ta chwazi limyè; se poutèt sa, yo dwe desann nan ^blanfè.

11 Paske, Lespri Senyè a p ap "lite tout tan avèk lèzòm. Epi Lespri a sispann goumen avèk lèzòm, lè sa a, destriksyon tonbe rapid, e sa fè nanm mwen mal.

12 Epi Menm jan m te pale konsènan "konvenk ^bJuif yo, pou yo konnen Jezi se "Kris la reyèlman, se konsa li nesesè pou yo konvenk Janti yo pou yo konnen Jezi se Kris la, Bondye Etènèl la;

13 Epi, li fè tout moun ki kwè nan li wè l, avèk pouvwa "Sentespri a; wi, li kapab akonpli gwo mirak, siy, ak mèvèy, nan pami tout nasyon, fanmi, lang, ak pèp, nan pami pitit lèzòm daprè lafwa yo.

14 Men gade, m ap pwofetize pou nou konsènan "dènye jou yo; konsènan jou yo lè Senyè Bondye a pral fè ^bbagay sa yo rive nan pami pitit lèzòm.

15 Apre desandan m ak desandan frè m yo fin dejenere nan enkredilite, e lè Janti yo fin frape yo; wi, apre Senyè Bondye a fin kanpe tout alantou yo, e lè l fin bare yo avèk yon mòn, lè l fin bati fò pou kont yo, e apre l fin desann yo jouk nan pousyè tè a, jistan yo sispann egziste, lè sa a pawòl moun ki jis yo pral ekri, Bondye pral tandè priyè moun ki fidèl yo, e Bondye p ap bliye youn nan moun ki te dejenere nan enkredilite yo.

16 Paske moun ki ap detwi yo pral "pale avèk yo anba tè a, pawòl yo pral soti tou ba nan pousyè tè a, e vwa yo pral tankou vwa yon moun ki gen lespri fanmiye; paske Senyè Bondye a pral ba li pouvwa, pou l kapab chichote konsènan yo, tankou li te soti anba tè a; e pawòl yo pral chichote soti nan pousyè tè a.

17 Paske Senyè Bondye a di: "Yo pral ekri bagay k ap pase nan pami yo, yo pral ekri yo e yo pral sele yo nan yon liv, e moun ki dejenere nan enkredilite yo p ap jwenn liv la, paske yo ^bchèche detwi bagay Bondye.

18 Se poutèt sa, moun ki te detwi yo te detwi rapid; e pakèt moun terib yo pral tankou "pay k ap pase—wi, Senyè Bondye a di: Li pral pase nan yon ti moman, rapid—

19 Epi, se pral konsa, ak men

9e Alma 45:10-12;
Ela. 13:9-10.

10a Alma 45:9-14;
Mòm. 8:1-9.

b GE Lanfè.

11a Etè 2:15.

12a 2 Ne. 25:18.

b 2 Ne. 30:7; Mòm. 5:14.

GE Juif yo.

c Mòm. 3:21.

13a GE Sentespri.

14a GE Dènye jou yo.

b GE Retablisman
levanjil la.

16a Eza. 29:4;

Mowo. 10:27;

Moyiz 7:62.

GE Liv Mòmmon.

17a 2 Ne. 29:12.

b Enòs 1:14.

18a Mòm. 5:16-18.

yo Janti yo pral ^afrape moun ki te dejenere nan enkredilite yo.

20 Janti yo leve tèt yo avèk ^alògèy, e yo ^bkilbite poutèt gwo ^cobstak yo te genyen, nan bati anpil ^dlegliz, men, yo pyetine pouvwa ak mirak Bondye yo, e yo preche lasajès ak ^ekonesans pa yo, pou yo kapab fè lajan e pou yo kapab ^fgraje figi pòv yo.

21 Epi, gen anpil legliz bati ki lakòz ^aanvi, mezantant, ak malveyans.

22 Epi, gen ^akonbinezon sekre tou, tankou nan tan lontan, jan konbinezon dyab la ye a, paske li se fondatè tout bagay sa yo; wi, li se kreatè asasina, ak zèv tenèb yo; wi, e li mennen yo avèk yon ti kòd fen nan kou yo, jistan li mare yo nèt avèk yon gwo kòd pou tout tan.

23 Paské gade, frè byenneme m yo, m ap di nou, Senyè Bondye a pa travay nan fènwa.

24 Li pa fè anyen si se pa pou benefis mond lan; paske li ^arenmen mond lan tèlman, li bay lavi pa l pou l kapab atire ^btout moun sou li. Se poutèt sa, li pa kòmande pèsonn pou yo pa pran pa nan sali pa li a.

25 Gade èske li louvri bouch pou l di okenn moun: Retire kò ou bò kote m? M di nou, Non; men li di: ^aVin jwenn mwèn,

noumenm tout ekstremitè tè a, ^bachte lèt ak myèl, san lajan e san pri.

26 Gade èske li te kòmande okenn moun pou yo soti nan sinagòg yo, oubyen nan kay adorasyon an? M di nou, Non.

27 Èske li te kòmande okenn moun pou yo pa pran pa nan ^asali pa li a? M di nou, Non; men, li te ^bbay li gratis pou tout moun; e li te kòmande pèp li a pou yo konvenk tout moun pou ^crepanti.

28 Gade èske Senyè a te kòmande okenn moun pou yo pa patisipe nan bonte l? M di nou, Non; men ^atout moun gen menm privilèj la, ni youn ni lòt, li pa anpeche yo youn.

29 Li kòmande pou pa gen ^aen-trig prèt; paske entrig prèt se lè moun preche, pou yo monte tèt yo tankou limyè pou mond lan, pou yo kapab jwenn pwofi ak ^blouwanj mond lan; men, yo pa travay pou byen Siyon.

30 Gade, Senyè a te entèdi bagay sa yo; se poutèt sa, Senyè Bondye a te bay yon kòmandman pou tout moun gen ^acharite, charite sa a ki se ^blanmou. Epi, si yo pa gen charite yo pa anyen. Paske, si yo gen charite, yo p ap kite travayè ki nan Siyon an peri.

19a 3 Ne. 16:8–9;
20:27–28.

20a GE Lògèy.
b 1 Ne. 13:29, 34.
GE Apostazi.

c Ezek. 14:4.

d 1 Ne. 14:10; 22:23;
Mòm. 8:28.

e 2 Ne. 9:28;
Mòm. 9:7–8.

f Eza. 3:15;

2 Ne. 13:15.

21a GE Anvi.

22a GE Konbinezon
sekre.

24a Jan 3:16.

b 3 Ne. 27:14–15.

25a Alma 5:33–35;
3 Ne. 9:13–14.

b Eza. 55:1–2.

27a GE Sali.

b Efe. 2:8;

2 Ne. 25:23.

c GE Repantans,
repanti.

28a Wom. 2:11;
1 Ne. 17:33–35.

29a GE Fo prèt.

b D&A 121:34–37.

30a Mowo. 7:47–48.
GE Charite.

b GE Lanmou, renmen.

31 Men, travayè nan Siyon an pral travay pou “Siyon; paske si yo travay pou ^blajan y ap peri.

32 Epi ankò, Senyè Bondye a te “kòmande pou lèzòm pa asasi-nen lòt; pou yo pa fè manti; pou yo pa vòlè; pou yo pa lonmen non Senyè a, Bondye yo a ^ban-ven; pou yo pa gen anvi; pou yo pa fè malfezan; pou yo pa goumen youn ak lòt; pou yo pa fè libètinaj seksyèl; e pou yo pa fè okenn nan bagay sa yo; paske nenpòt moun ki fè yo pral peri.

33 Paske pa gen youn nan inikite sa yo ki soti nan Senyè a; paske li fè sa ki bon nan pami pitit lèzòm; e li pa fè anyen ki pa klè nan pami pitit lèzòm; e li envite tout moun pou vin jwenn li pou yo kapab goute nan bonte l; e li pa “rejte pèsonn ki vin jwenn li, nwa ak blan, esklav ak lib, gason ak fi; e li sonje ^bpayen yo; e “tout moun se menm pou Bondye, ni Juif, ni Janti.

CHAPIT 27

Fènwa ak apostazi pral kouvri tè a nan dènye jou yo—Liv Mòmmon an pral parèt—Twa temwen pral rann temwayaj konsènan liv la—Nonm save a pral di li pa kapab li liv sele a—Senyè a pral fè yon gwo travay ak yon mèvèy—Konpare Ezayi 29. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

MEN, gade nan “dènye jou yo, oubyen nan jou Janti yo—wi,

tout nasyon Janti ak Juif yo, ni moun ki vini nan peyi sa a ak moun ki nan lòt peyi, wi, menm moun ki nan tout peyi sou tè a, gade, yo pral sou nan inikite ak tout kalite abominasyon—

2 Epi, lè jou sa a rive, Senyè tout Lame yo pral vizite yo, avèk loray, avèk tranbleman tè, avèk gwo bri, avèk siklòn, avèk tanpèt, avèk “flanm dife devoran.

3 Epi tout “nasyon ki ^bgoumen kont Siyon, e ki mete l nan detès pral tankou yon rèv nan yon vizyon nan nuit; wi, yo pral tankou yon nonm grangou ki konprann li pral manje, nan rèv, e lè l reveye, li wè nanm li vid; oubyen tankou yon nonm swaf ki reve li pral bwè, e lè l leve li fèb e nanm li swaf; wi, se konsa anpil moun nan tout nasyon ki goumen kont Mòn Siyon yo pral ye.

4 Paske gade, tout moun k ap fè inikite, ki fou kanpe gade, paske nou gen pou nou louvri gòj nou pou nou rele, nou pral kriye; wi, nou pral sou san nou pa bwè diven, nou pral gaga san nou pa bwè kleren.

5 Paske gade, Senyè a te fè yon lespri dòmi desann sou nou. Paske, nou te fèmen je nou, nou te rejte pwofèt yo; e li te kache dirijan nou, ak vwayan yo pou-tèt inikite nou.

6 Epi, se pral konsa, Senyè Bondye a pral voye pawòl yon “liv

31a GE Siyon.
b Jakòb 2:17–19;
D&A 11:7; 38:39.
32a GE Kòmandman
Bondye yo.
b GE Pwofanasyon.

33a Tra. 10:9–35, 44–45.
b Alma 26:37.
c Wom. 2:11;
1 Ne. 17:35.
27 1a GE Dènye jou yo.
2a Eza. 24:6; 66:15–16;

Jakòb 6:3;
3 Ne. 25:1.
3a Eza. 29:7–8.
b 1 Ne. 22:14.
6a 2 Ne. 26:16–17; 29:12.
GE Liv Mòmmon.

ba ^bou, e se pral pawòl moun ki rezoze anba tè a.

7 Epi gade, liv la pral ^asele; e nan liv la pral gen yon ^brevelasyon Bondye, depi nan kòmansman mond lan jouk nan ^cfinisman l.

8 Se poutèt sa, poutèt bagay ki ^asele yo, bagay ki sele yo pa kapab ^bpibliye nan jou mechanste ak abominasyon pèp la. Se poutèt sa, liv la pral rete ansekre pou yo.

9 Men yon ^anonm pral resevwa liv la, e li pral pran pawòl liv la, ki se pawòl moun ki rezoze anba tè a, e li pral bay yon lòt ^bnonm pawòl sa yo;

10 Men, li p ap bay pawòl ki sele yo, ni tou, li p ap bay liv la. Paske liv la pral sele avèk pouvwa Bondye, e revelasyon ki te sele a pral rete kache nan liv la jistan Senyè a vle l soti deyò; paske, yo revele tout bagay depi nan fondasyon mond lan jouk nan finisman l.

11 Epi gade, gen yon jou k ap vini, pawòl nan liv la ki te sele yo pral li sou tè kay yo; yo pral li yo avèk pouvwa Kris la; e tout bagay ki te pase pami pitit lèzòm, e ki pral pase jouk nan finisman tè a pral ^arevele pami pitit lèzòm.

12 Se poutèt sa, jou sa a, lè moun m te pale a resevwa liv

la, liv la pral kache devan je mond lan; pou je pèsonn pa wè l, eksepte ^atwà ^btemwen ki pral wè l, avèk pouvwa Bondye, apa moun ki pral resevwa liv la; e yo pral rann temwayaj konsènan verite ki nan liv la ak bagay ki nan liv la.

13 Epi, pa gen okenn lòt ki pral wè l, eksepte kèk moun, dapre volonte Bondye, pou yo kapab rann pitit lèzòm temwayaj konsènan pawòl li; paske Senyè Bondye a te di pawòl fidèl yo pral pale tankou se ^anan bouch mò yo soti.

14 Se poutèt sa, Senyè Bondye a pral pibliye pawòl liv la; e li pral tabli pawòl li nan bouch kantite moun ki nan lide l; e malè pou moun ki ^arejte pawòl Bondye!

15 Men gade, se pral konsa, Senyè Bondye a pral di nonm li bay liv la: Pran pawòl sa yo ki pa sele, bay yon lòt nonm yo, pou l kapab montre moun save a, pou l di: m priye w, ^ali sa a. Epi, nonm save a pral di: Al chèche liv la pou m kapab li l.

16 Epi kounyeya, poutèt laglwa mond lan, e yo pral di sa pou yo kapab tire ^apwofi, men se pa pou laglwa Bondye.

17 Epi, nonm nan pral di: M pa kapab vini avèk liv la, paske li sele.

6^b Jawòm 1:2;
Mòm. 5:12-13.

7^a Eza. 29:11-12;
Etè 3:25-27; 4:4-7.

^b Mozya 8:19.

^c Etè 13:1-12.

8^a Etè 5:1.

^b 3 Ne. 26:9-12;
Etè 4:5-6.

9^a D&A 17:5-6.

^b I-JS 1:64-65.

11^a Lik 12:3;
Mòm. 5:8;
D&A 121:26-31.

12^a 2 Ne. 11:3;

Etè 5:2-4;

D&A 5:11, 15; 17:1.

^b Det. 19:15.

13^a 2 Ne. 3:19-20;
33:13-15;

Mowo. 10:27.

14^a 2 Ne. 28:29-30;
Etè 4:8.

15^a Eza. 29:11-12;
I-JS 1:65.

16^a GE FO prèt.

18 Lè sa a, nonm save a pral di: M pa kapab li l.

19 Se poutèt sa, se pral konsa, Senyè Bondye a pral bay nonm ki pa save a liv la ak pawòl ki ladan l yo ankò; e nonm ki pa save a pral di: M pa save.

20 Lè sa a, Senyè Bondye a pral di l: Moun ki save yo p ap li yo, paske yo rejte yo, e m kapab fè travay mwen; se poutèt sa, ou pral li pawòl m pral ba ou yo.

21 "Pa touche bagay ki sele yo, paske m pral pibliye yo lè m vle; paske, m pral montre pitit lèzòm m kapab fè travay mwen.

22 Se poutèt sa, lè w te fin li pawòl m te kòmande w yo, e lè w te fin jwenn "temwen m te pwomèt ou yo, lè sa a, ou pral sele liv la ankò, e w pral kache l nan mwen, pou m kapab prechè pawòl ou pa t li yo, jistan m pral wè l nesèsè dapre lasajès pa m pou m revele tout bagay pou pitit lèzòm.

23 Paske gade, m se Bondye; m se yon Bondye ki konn fè "mirak; e m pral montre mond lan m se ^bmenm nan, ayè, jodi a, ak pou tout tan; e m pa fè anyen nan pami pitit lèzòm eksepte "dapre lafwa yo.

24 Epi ankò, se pral konsa, Senyè a pral di nonm ki te li pawòl yo li te resevwa a:

25 "Tout tan, pèp sa a pwòche kote m avèk bouch yo, e yo ^bonore m avèk lèv yo, men yo

mete kè yo lwen m, e lakrent yo gen pou mwen an, se "lakrent lèzòm ansenye—

26 Se poutèt sa, m pral fè yon "gwo travay nan pami pèp sa a, wi, yon ^bgwo travay ak yon mèvèy, paske lasajès moun save yo pral peri, e konpreyansyon moun ki gen pridans yo pral kache.

27 Epi, "malè pou moun ki chèche kache plan yo pou Senyè a pa konnen! Epi ki fè zèv yo nan tenèb; e di: Kiyès ki wè nou, e kiyès ki konnen nou? Epi tou, yo di: Sètènman, jan ou pral vire tounen bagay yo, se pral vin tankou ajil nan men ^bmoun k ap fè po. Men gade Senyè tout Lame yo di: M pral montre yo m konnen tout sa yo pral fè. Paske, èske travay la kapab di moun ki fè l la pa t fè l? Oubyen, èske bagay ki fèt la kapab di moun ki te fè l la pa entèlijan?

28 Men gade, Senyè tout Lame yo di: M pral montre pitit lèzòm nan yon tikras tan ankò, Liban pral tounen yon peyi ki plen jaden; e jaden yo pral tounen yon forè.

29 "Epi, jou sa a, moun ki soud pral tandè pawòl liv la, e avèk pral wè nan tenèb, ak nan fènwa.

30 Epi, "moun ki dou yo pral vin plis, e ^blajwa yo pral nan Senyè a, e pòv nan pami lèzòm yo pral rejwi nan Sen Izrayèl la.

31 Paske, asireman menm jan

21 *a* Etè 5:1.

22 *a* GE Temwen Liv Mòmon yo.

23 *a* GE Mirak.

b Ebre 13:8.

c Ebre 11;

Etè 12:7-22.

25 *a* Eza. 29:13.

b Mat. 15:8.

c 2 Ne. 28:31.

26 *a* 1 Ne. 22:8;

2 Ne. 29:1-2.

GE Retablisman

levanjil la.

b Eza. 29:14;

2 Ne. 25:17.

27 *a* Eza. 29:15.

b Jer. 18:6.

29 *a* Eza. 29:18.

30 *a* GE Dou, dousè.

b D&A 101:36.

Senyè a vivan, yo pral wè “moun ki terib la pral tounen anyen, mokè a pral boule, e tout moun k ap chèche fè inikite yo pral rejte;

32 Epi, moun ki “jije yon nonm pou yon pawòl li di, e ki tann pèlen pou moun ki t ap defann li nan ^bpòt la, e ki ^crepouse moun ki jis tankou yo san valè.

33 Se poutèt sa, Senyè a, ki rachte Abraram nan, di konsènan kay Jakòb la: Jakòb p ap wont, ni tou figi l p ap dekonpoze.

34 Men, lè l “wè pitit li yo, zèv men pa m yo, bò kote l, yo pral sanktifye non mwen, yo pral sanktifye Sen Jakòb la, e yo pral pè Bondye Izrayèl la.

35 Moun ki te gen lespri “egare yo pral vin konprann, e moun ki t ap plenyen yo pral ^bapran doktrin nan.

CHAPIT 28

Anpil fo legliz pral bati nan dènye jou yo—Yo pral ansenye fo doktrin ki san valè epi ki ensanse—Apostazi pral fè mikalaw poutèt fo ens-triktè yo—Dyab la pral anraje nan kè lèzòm—Li pral preche tout ka-lite fo doktrin. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

EPI frè m yo, m te pale avèk nou, jan Lespri a te oblije m fè; se poutèt sa, m konnen yo dwe fèt sètènman.

2 Epi, bagay ki pral ekri nan “liv la pral gen anpil ^bvalè pou pitit lèzòm, espesyalman pou desandan nou yo, ki se yon rès nan kay Izrayèl la.

3 Paske, se pral konsa, jou sa a, “legliz ki bati, e ki pa pou Senyè a yo, pral di youn avèk lòt: Se mwen ki legliz Senyè a; e lòt yo pral di: Se mwen menm; se konsa tout moun ki bati legliz pral di, men, se p ap legliz Senyè a—

4 Epi, yo pral chirepit, youn avèk lòt; e prèt yo pral fè chirepit youn avèk lòt, yo pral preche avèk “konesans pa yo, e yo pral nye Sentespri a, ki bay enspirasyon.

5 Epi, yo “nye ^bpouvwa Bondye, Sen Izrayèl la; e yo di pèp la: Koute nou, tandè pawòl nou; paske ^cpa gen Bondye jodi a, paske Senyè a ak Redanmtè a te fin fè travay li, e li te bay lèzòm pouvwa li a.

6 Gade, koute pawòl mwen; si yo di men Senyè a fè yon “mirak, pa kwè; paske jodi a li pa yon Bondye ki fè mirak; li fin fè travay li a.

7 Wi, epi gen anpil ki pral di: “Manje, bwè, epi fè kè nou kontan, paske demen n ap mouri; e tout bagay pral byen pou nou.

8 Epi tou, gen anpil moun ki pral di: Manje, bwè, e fè kè nou kontan; men pè Bondye—li pral

31a Eza. 29:20.

32a Lik 11:54.

b Amòs 5:10.

c 2 Ne. 28:16.

34a Eza. 29:23–24.

35a 2 Ne. 28:14;

D&A 33:4.

b Dan. 12:4.

28 2a GE Liv Mòm. n.

b 1 Ne. 13:34–42; 22:9;

3 Ne. 21:6.

3a 1 Kor. 1:10–13;

1 Ne. 22:23;

4 Ne. 1:25–29;

Mòm. 8:28, 32–38.

4a 2 Ne. 9:28.

5a 2 Ne. 26:20.

b 2 Tim. 3:5.

c Alma 30:28.

6a Mòm. 8:26;

9:15–26.

7a 1 Kor. 15:32;

Alma 30:17–18.

“kite yon ti peche pase; wi, fè yon ti ^bmanti; pran avantaj sou yon moun pou sa li di, pare ‘pèlen pou vwazen nou; pa gen anyen mal nan sa; fè tout bagay sa yo, paske demen nou pral mouri; e si nou antò, Bondye pral ban nou kèk ti kout frèt, e apre sa nou pral sove nan wayòm Bondye a.

9 Wi, e gen anpil moun ki pral ansenye konsa, “fo ^bdoktrin ki san valè epi ki ensanse, e yo pral fè gwo kòlè nan kè yo, e yo pral chèche kache plan yo pou Senyè a pa konnen; e zèv yo pral fèt nan tenèb.

10 Epi “san sen yo pral kriye anba tè a kont yo.

11 Wi, yo tout te “sòti nan chemen an; yo vin ^bkowonpi.

12 Poutèt “lògèy, ak poutèt fo enstriktè, ak fo doktrin, legliz yo vin kowonpi, e legliz yo kare zèpòl yo; e yo chaje avèk lògèy.

13 Yo “dechèpiye ^bpòv yo pou kay adorasyon rafine yo; yo dechèpiye pòv yo pou bèl rad chè yo; e yo pèsèkite moun ki dou yo ak moun ki gen kè sansib yo, paske yo chaje avèk ‘lògèy.

14 Yo mache avèk kou yo “rèd, ak tèt yo dwat; wi, e poutèt lògèy yo, ak mechanste yo, ak abominasyon yo, ak libèti-

naj seksyèl yo, yo tout te ^bpèdi wout la, eksepte kèk ladan yo ki suiv Kris la avèk imilite; se poutèt sa, yo resevwa direksyon ki fè yo pèdi nan anpil fason, paske se enstriksyon lèzòm ki ansèyman yo.

15 O, moun ki “saj, moun save, moun rich, ki chaje avèk ^blògèy nan kè yo, e tout moun ki ansenye fo doktrin, e tout moun ki nan libètinaj seksyèl, ki chanje chemen dwat Senyè a, ‘malè, malè, malè yo, paske Senyè Bondye Toupuisan an di, yo pral desann nan lanfè!

16 Malè moun ki fè “moun ki jis pase pou anyen, ki meprize sa ki bon, e ki di li san valè! Paske jou a pral vini rapid pou Senyè Bondye a vizite abitan yo ki sou tè a; e lejou yo ^bantye-man pouri nan inikite, yo pral peri.

17 Men gade, Senyè tout Lame yo di, si abitan yo ki sou tè a repanti nan mechanste ak abominasyon yo, yo p ap detwi.

18 Men gade, gwo legliz abominab la, “postitye ki kouvri tout tè a, dwe ^btonbe atè, e l ap tonbe fò.

19 Paske wayòm dyab la dwe “souke, e moun ki fè pa ti ladan l yo dwe chèche repantans, san sa, ^bdyab la pral mare yo avèk

8a Mòm. 8:31.

b D&A 10:25;

Moyiz 4:4.

GE Manti.

c Pwov. 26:27;

1 Ne. 14:3.

9a Ezek. 13:3;

Ela. 13:29.

b Mat. 15:9.

10a Apok. 6:9-11;

2 Ne. 26:3;

Mòm. 8:27;

Ètè 8:22-24;

D&A 87:7.

11a Ela. 6:31.

b Mòm. 8:28-41;

D&A 33:4.

12a Pwov. 28:25.

13a Ezek. 34:8.

b Ela. 4:12.

c Alma 5:53.

14a Pwov. 21:4.

b Eza. 53:6.

15a Pwov. 3:5-7.

b GE Lògèy.

c 3 Ne. 29:5.

16a Eza. 29:21.

b Ètè 2:9-10.

18a Apok. 19:2.

b 1 Ne. 14:3, 17.

19a 1 Ne. 22:23.

b Alma 34:35.

‘chenn etènèl li a, li pral pwovoke yo nan kòlè pou yo peri.

20 Paske gade, jou sa a, li pral ‘anraje nan kè pitit lèzòm, e li pral pwovoke yo nan kòlè kont bagay ki bon.

21 Epi gen lòt moun li pral ‘fè lapè, pou l andòmi yo nan sekirite chanèl, e yo pral di: Tout bagay byen nan Siyon; wi, Siyon ap pwospere, tout bagay byen—se konsa ^bdyab la pral vòlè nanm yo, pou l mennen yo desann nan lanfè avèk prekosyon.

22 Epi gade, gen lòt moun li pral flate, li pral di yo pa gen ‘lanfè; e li di yo: M pa dyab, paske pa gen okenn dyab—se konsa li chichote nan zòrèy yo, jistan l mare yo avèk ^bchenn terrib li a, kote pa gen delivrans la.

23 Wi, lanmò ak lanfè sezi yo; e lanmò, ak lanfè, ak dyab la, ak tout moun yo sezi yo dwe kanpe devan twòn Bondye a, pou yo ‘jije daprè zèv yo, pou yo kapab ale nan kote ki te pare pou yo a, menm yon ^blak dife ak souf, ki se yon mizè ki san finisman.

24 Se poutèt sa, malè moun ki alèz nan Siyon!

25 Malè moun k ap rele di: Tout bagay byen!

26 Wi, malè moun ki ‘koute pawòl lèzòm, e ki nye pouvwa Bondye, ak don Sentespri a!

27 Wi, malè yon moun ki di:

Nou fin resevwa, nou ‘pa bezwen ankò!

28 Epi, alafen, malè pou tout moun ki tranble, e ki ‘fache poutèt verite Bondye a! Paske, yon moun ki bati sou ^bwòch la resevwa verite a ak kontantman; men yon moun ki bati sou yon fondasyon sab, tou pè pou l pa tonbe.

29 Malè yon moun ki di: Nou te resevwa pawòl Bondye, e ‘nou pa bezwen ^bpawòl Bondye ankò, paske nou gen ase!

30 Paske gade, Senyè Bondye di: M pral bay pitit lèzòm liy apre liy, ‘enstriksiyon apre enstriksyon, ti mòso isit, ti mòso lòtbò; epi moun ki koute enstriksyon m ak konsèy mwen yo beni, paske yo pral aprann ^blasajès; paske moun ki ‘resevwa, m pral ba yo ^aplis; men moun ki di, Nou gen ase, m pral pran menm sa yo genyen an.

31 Ralè yon moun ki mete ‘konfyans li nan yon moun, oubyen ki mete konfyans li sou ponyèt li, oubyen ki koute enstriksyon lèzòm, eksepte lè pouvwa Sentespri a ba yo enstriksyon yo.

32 Senyè Bondye tout Lame yo di, ‘malè pou Janti yo! Paske menm si m pral lonje men m ba yo jou apre jou, yo pral nye m; men, m pral gen mizèrikòd

19c Alma 12:11.
20a D&A 10:20–27.
21a Mòm. 8:31.
b 2 Ne. 9:39.
22a GE Lanfè.
b Alma 36:18.
23a GE Jezikri—Jij;
Jijman, Dènye a.
b 2 Ne. 9:16, 19, 26.

26a 2 Ne. 9:29.
27a Alma 12:10–11.
28a 2 Ne. 9:40; 33:5.
GE Rebelyon.
b Mat. 7:24–27.
GE Wòch.
29a 2 Ne. 29:3–10.
b 2 Ne. 27:14;
Etè 4:8.

30a Eza. 28:9–13;
D&A 98:12.
b GE Sajès.
c Lik 8:18.
d Alma 12:10;
D&A 50:24.
31a D&A 1:19–20.
32a 1 Ne. 14:6.

pou yo, si yo repanti e si yo vin jwenn mwen; paske ^bponyèt mwen lonje tout lajounen, se sa Senyè Bondye tout Lame yo di.

CHAPIT 29

Anpil Janti pral rejte Liv Mòmmon an—Yo pral di, Nou pa vle okenn lòt Bib—Senyè pale ak anpil nasyon—Li pral jije mond lan daprè liv ki pral ekri yo. Anviwon 559-545 ANVAN JEZIKRI.

MEN gade, nan jou sa a, pral gen anpil moun—lè m kòmanse akonpli yon ^agwo travay nan pami yo, pou m kapab sonje ^balyans m te fè avèk pitit lèzòm yo, pou m kapab lonje men m yo ^cdezyèm fwa pou retabli pèp mwen an, ki fè pati kay Izrayèl la;

2 Epi tou, pou m kapab sonje pwomès m te fè nou yo, Nefi, ak papa nou tou, pou m sonje desandan nou yo; e pou ^apawòl desandan nou yo ta sòti nan bouch mwen pou yo al jwenn desandan nou yo; e pawòl mwen yo pral ^bjouk nan ekstremitè tè a, tankou yon ^cdrapo pou pèp mwen an, ki fè pati kay Izrayèl la;

3 Epi poutèt pawòl mwen yo gaye—anpil Janti pral di: Yon ^aBib! Yon Bib! Nou deja gen yon Bib, e pa kapab gen lòt Bib.

4 Men, Senyè Bondye a di konsa: O moun sòt, yo pral gen yon Bib; epi li pral sòti nan men ^aJuif yo, ansyen pèp alyans mwen an. Epi èske yo remèsye Juif yo pou ^bBib la yo te resevwa nan men yo a? Wi, kisa Janti yo vle di? Èske yo sonje mizè, ak travay, ak lapenn Juif yo, ak dilijans yo pou mwen, pou yo te kapab mennen sali pou Janti yo?

5 O, nou menm Janti yo, èske nou te sonje Juif yo, ansyen pèp alyans mwen an? Non; okontrè nou te modi yo, nou te ^arayi yo, epi nou pa chèche retabli yo. Men gade, m pral retounen tout bagay sa yo sou tèt pa nou; paske mwen menm Senyè a, m pa bliye pèp mwen an.

6 Nou menm moun sòt, ki pral di: Yon ^aBib, nou deja gen yon Bib, e nou pa bezwen okenn lòt Bib. Kòman nou te fè gen yon Bib si se pa t pou Juif yo?

7 Èske nou pa konnen gen plis pase yon nasyon? Èske nou pa konnen, mwen menm Senyè Bondye a nou an, m te ^akreye tout moun, e m sonje moun yo ki nan ^bzile sou lanmè yo; e m gouvène anlè nan syèl la ak anba sou tè a; epi m voye pawòl mwen bay pitit lèzòm, wi, menm bay tout nasyon sou tè a?

8 Poukisa n ap plenyen, poutèt n ap resevwa plis nan pawòl

32b Jakòb 5:47; 6:4.

29 1a 2 Ne. 27:26.
GE Retablisman
levanjil la.

b GE Alyans
Abraram.

c 2 Ne. 6:14; 21:11-12;
25:17.

GE Izrayèl—

Rasambleman
Izrayèl la.

2a 2 Ne. 3:18-21.

b Eza. 5:26;
2 Ne. 15:26;
Mowo. 10:28.

c 1 Ne. 21:22.
GE Banyè.

3a 1 Ne. 13:23-25.

GE Bib;

Liv Mòmmon.

4a D&A 3:16.

GE Juif yo.

b GE Jida—Bwa Jida a.

5a 3 Ne. 29:8.

6a 1 Ne. 13:38.

7a GE Kreyasyon, kreye.

b 1 Ne. 22:4.

mwen? Èske nou pa konnen temwayaj ^ade nasyon sèvi ^btemwen pou nou konnen m se Bondye, e m sonje yon nasyon menm jan m sonje lòt? Se poutèt sa, m pale menm pawòl yo avèk yon nasyon menm jan avèk yon lòt. Epi lè de nasyon yo rankontre ansanm, temwayaj ^cde nasyon yo ap rankontre ansanm tou.

9 Epi m fè sa pou m kapab pwouve anpil moun, m se ^amenm ayè, jodi a, e pou tout tan; e m pale pawòl mwen jan m vle. Epi paske m te pale yon ^bpawòl, nou pa bezwen konprann m pa kapab pale yon lòt; paske travay mwen poko fini; ni tou li p ap fini jouk nan finisman lèzòm, ni lè sa a, e pou tout tan.

10 Se poutèt sa, paske nou gen yon Bib, nou pa bezwen konprann li gen tout ^apawòl mwen yo; ni tou nou pa bezwen konprann m pa fè ekri plis.

11 Paske m kòmande ^atout moun, ni nan lès ak nan lwès, ni nan nò ak nan sid, e nan zile yo ki sou lanmè, pou yo ekri pawòl m pale ba yo; paske se nan ^bliv ki pral ^cekri yo m pral ^djije mond lan, chak moun dapre zèv li, dapre sa ki ekri.

12 Paske, gade m pral pale

avèk ^aJuif yo, yo pral ekri l, e m pral pale avèk Nefit yo tou, e yo pral ^bekri l; e tou, m pral pale avèk lòt tribi kay Izrayèl yo, m te dispèse a, e yo pral ekri l; epi tou, m pral pale avèk tout ^cnasyon sou tè a, epi yo pral ekri l.

13 Epi, se pral konsa, ^aJuif yo pral gen pawòl Nefit yo, e Nefit yo pral gen pawòl Juif yo; e Nefit yo ak Juif yo pral gen pawòl ^btribi Izrayèl yo ki te pèdi a; e tribi Izrayèl yo ki te pèdi a pral gen pawòl Nefit yo ak pawòl Juif yo.

14 Epi, se pral konsa, pèp mwen an ki nan pami ^akay Izrayèl la pral rasanble lakay yo nan peyi eritaj yo a; epi tou pawòl mwen pral rasanble fè ^byon sèl. Epi m pral montre moun k ap goumen kont pawòl mwen, ak kont pèp mwen an, ki fè pati ^ckay Izrayèl la, m se Bondye, e m te fè ^dalyans avèk Abraram, e m ap sonje ^edesandan li yo ^fpou tout tan.

CHAPIT 30

Janti konvèti yo pral konte pami pèp alyans la—Anpil Lamanit ak Juif pral kwè nan pawòl la, e yo pral vin agreyab—Izrayèl pral restore epi mechan yo pral detwi. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

8a Ezek. 37:15–20;

1 Ne. 13:38–41;

2 Ne. 3:12.

b Mat. 18:16.

GE Temwen.

c Oze 1:11.

9a Ebre 13:8.

b GE Revelasyon.

10a GE Ekriti yo—
Pwofesi konsènan
ekriti k ap vini.

11a Alma 29:8.

b GE Liv lavi.

c 2 Tim. 3:16.

d 2 Ne. 25:22;

33:11, 14–15.

GE Jijman, Dènye a.

12a 1 Ne. 13:23–29.

b 1 Ne. 13:38–42;

2 Ne. 26:17.

c 2 Ne. 26:33.

13a Mòm. 5:12–14.

b GE Izrayèl—Dis tribi
pèdi Izrayèl yo.

14a Jer. 3:17–18.

b Ezek. 37:16–17.

c 1 Ne. 22:8–9.

d Jen. 12:1–3;

1 Ne. 17:40;

3 Ne. 20:27; Abr. 2:9.

GE Alyans Abraram.

e D&A 132:30.

f Jen. 17:7.

Epi gade, frè byenneme m yo, m ta vle pale avèk nou; paske mwèn, Nefi, m p ap kite nou sipoze nou pi jis pase Janti yo. Paske si nou pa respekte kòmandman Bondye yo, nou tout pral peri menm jan; e poutèt pawòl ki te pale yo, nou pa bezwen sipoze Janti yo detwi nèt.

2 Paske gade, m di nou tout Janti ki repanti, se pèp "alyans Senyè a; e tout ^bJuif ki pa repanti pral rejte; paske Senyè a pa fè alyans avèk okenn moun si yo pa 'repanti e si yo pa kwè nan Pitit Gason li a, ki se Sen Izrayèl la.

3 Epi kounyeya, m ap pwofetize yon ti jan plis konsènan Juif ak Janti yo. Paske lè liv m te pale a fin pibliye, lè yo fin ekri l pou Janti yo, e lè yo fin sele l nan Senyè a, gen anpil moun ki pral "kwè nan pawòl ki ekri yo; e yo pral ^bmennen pawòl yo bay rès desandan nou yo.

4 Epi lè sa a, rès desandan nou yo pral konnen konsènan nou, yo pral konnen kijan nou te sòti nan Jerizalèm, e se desandan Juif yo ye.

5 Epi, moun pral deklare levanjil Jezikri a nan pami "yo; se poutèt sa, ^byo pral gen 'konnesans konsènan zansèt yo, epi tou konsènan Jezikri ki te vini pami zansèt yo.

6 Epi lè sa a, yo pral rejwi; paske yo pral konnen se yon benediksyon ki sòti nan men Bondye; e kras fènwa ki nan je yo a pral kòmanse tonbe; e anvan anpil jenerasyon pa pase nan pami yo, yo pral vin tounen yon "pèp ki agreyab.

7 Epi, se pral konsa, "Juif ki dispèse yo pral kòmanse kwè nan Kris la; e yo pral ^bkòmanse rasanble sou sifas peyi a; e tout moun ki pral kwè nan Kris la, yo pral vin yon pèp agreyab tou.

8 Epi, se pral konsa, Senyè Bondye a pral kòmanse travay li nan pami tout nasyon, fanmi, lang, ak pèp, pou l kapab restore pèp li a sou tè a.

9 Epi, "Senyè Bondye a pral ^bjije pòv yo avèk lajistis, e li pral choutye ak lajistis pou 'moun dou yo ki sou tè a. Li pral modi tè a avèk baton bouch li; e li pral touye mechan yo avèk van bouch li.

10 Paske "tan an ap vini rapid pou Senyè Bondye a mete yon gwo ^bdivizyon nan pami pèp la, e li pral detwi mechan yo; li pral 'epaye pèp li, wi, menm si li dwe "detwi mechan yo avèk dife.

11 Epi, "lajistis pral sèvi l sentiwon nan ren, fidelite pral sèvi kòd nan ranch li.

12 "Epi lè sa a, lou pral rete

30 2a Gal. 3:26-29.

b Mat. 8:10-13.

GE Juif yo.

c GE Repantans, repanti.

3a 3 Ne. 16:6-7.

b 1 Ne. 22:8-9.

5a 3 Ne. 21:3-7, 24-26.

b D&A 3:20.

c 1 Ne. 15:14;

2 Ne. 3:12;

Mòm. 7:1, 9-10.

6a D&A 49:24; 109:65.

7a 2 Ne. 29:13-14.

b 2 Ne. 25:16-17.

9a Eza. 11:4-9.

b 2 Ne. 9:15.

c GE Dou, dousè.

10a GE Dènèy jou yo.

b D&A 63:53-54.

c Moyiz 7:61.

d 1 Ne. 22:15-17, 23.

GE Tè—Netwayaj tè a.

11a Eza. 11:5-9.

12a Eza. 65:25.

GE Milenyòm.

avèk mouton; leyopa pral repoze bò kote ti kabrit, ak ti bèf, ak ti lyon, ak bèf gra ansanm; e yon timoun piti pral mennen yo.

13 Femèl bèf ak lous pral manje ansanm; pitit yo pral repoze ansanm; e lyon an pral manje zèb tankou towo bèf.

14 Epi timoun nan tete pral jwe sou twou ti koulèv pwazonnen, e timoun sevre pral mete men nan twou koulèv.

15 Yo p ap blese ni yo p ap detwi nan tout mòn sen mwen an; paske tè a pral ranpli avèk kone-sans Senyè a menm jan dlo kou-vri lanmè.

16 Se poutèt sa, bagay ki pase nan pami “tout nasyon pral revele; wi, tout bagay pral ^bdevwale devan pitit lèzòm.

17 Pa gen sekè ki p ap “revele, pa gen okenn zèv tenèb ki p ap vin nan limyè, e pa gen anyen sele sou tè a ki p ap demare.

18 Se poutèt sa, tout bagay ki te revele bay pitit lèzòm pral devwale nan jou sa a; e Satan p ap gen pouvwa sou kè pitit lèzòm “ankò, pou anpil tan. Epi, kounyeya, frè byenneme m yo, m sispann pale.

CHAPIT 31

Nefi di poukisa Kris la te batize—Lèzòm dwe swiv Kris la, batize, resevwa Sentespri a, e pè-severe jiska lafen pou yo kapab

sove—Repantans ak batèm se pòt chemen dwat ak kwense a—Lavi etènèl vini pou moun ki kenbe kò-mandman yo apre batèm. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

EPI, mwen menm Nefi, m fin “pwofetize pou nou, frè byen-neme m yo. Epi m kapab sèlman ekri yon tikras bagay, m konnen ki gen pou rive sètènman; ni tou m kapab sèlman ekri yon tikras nan pawòl Jakòb yo, frè m nan.

2 Se poutèt sa, bagay m te ekri yo ase pou mwen, eksepte kèk mo m dwe pale konsènan “doktrin Kris la; se poutèt sa, m pral pale avèk nou klè dapre klète pwofesi m yo.

3 Paske, nanm mwen pran plèzi nan klète; paske, se nan fason sa a Senyè Bondye a travay nan pami pitit lèzòm. Paske Senyè Bondye a bay “limyè pou konpreyansyon; paske li pale avèk lèzòm dapre ^blang yo, pou yo kapab konprann.

4 Se poutèt sa, m ta vle pou nou sonje, m te pale avèk nou konsènan “pwofèt sa a, Senyè a te montre m nan, ki gen pou l batize Ti ^bMouton Bondye a, ki gen pou l efase peche mond lan.

5 Epi kounyeya, si Ti Mouton Bondye a ki sen, an bezwen “batize nan dlo, pou l akonpli tout lajistis la, O, pa mande pou nou menm ki pa sen, ki jan nou bezwen batize, wi, nan dlo menm!

16a D&A 101:32–35;

121:28–29.

b Etè 4:6–7.

17a D&A 1:2–3.

18a Apok. 20:1–3;

Etè 8:26.

31 1a 2 Ne. 25:1–4.

2a 2 Ne. 11:6–7.

3a GE Limyè, limyè Kris.

b D&A 1:24.

4a 1 Ne. 10:7; 11:27.

GE Janbatis.

b GE Ti mouton Bondye.

5a Mat. 3:11–17.

GE Batèm, batize.

6 Epi kounyeya, m ap mande nou, frè byenneme m yo, kòman Ti Mouton Bondye a te akonpli tout lajistis lè l batize nan dlo a?

7 Èske nou pa konnen li te sen? Men, malgre li sen, li montre pitit lèzòm fason li, daprè kò fizik la, li gen imilite devan Papa a, e li temwaye Papa a li t ap "obeyisan devan l nan respekte kòmandman li yo.

8 Se poutèt sa, lè l te fin batize nan dlo, Sentespri a te desann sou li sou "fòm yon ^bpijon.

9 Epi ankò, li montre pitit lèzòm kòman chemen an kwense, e kòman "pòt pou yo antre a etwat, jan l te sèvi egzanz pou yo a.

10 Epi li te di pitit lèzòm: "Suiv mwen. Se poutèt sa, frè byenneme m yo, èske nou kapab ^bsuiv Jezi si nou pa vle respekte kòmandman Papa a?

11 Epi, Papa a te di: Repanti, repanti, e batize nan non Pitit Gason Byenneme m nan.

12 Epi tou, vwa Pitit Gason an te vin jwenn mwen, li di: Moun ki batize nan non mwen, moun sa a, Papa a pral ^aba li Sentespri a, tankou m; se poutèt sa, ^bsuiv mwen, e fè bagay nou te wè m fè yo.

13 Se poutèt sa, frè byenneme m yo, m konnen si nou suiv Pitit Gason an, avèk tout kè nou, san

fè ipokrizi, ni foub devan Bondye, men avèk yon entansyon reyèl, si nou repanti pou peche nou yo, si nou temwaye devan Papa a pou fè konnen nou vle pran non Kris la sou tèt nou, pa mwayen "batèm—wi, nan suiv Senyè nou an ak Sovè nou an desann nan dlo a, daprè pawòl li, gade lè sa a n ap resevwa Sentespri a; wi, lè sa a, ^bbatèm dife ak batèm Sentespri a ap vini; e lè sa a, nou kapab pale avèk "langaj zanj yo, e nou kapab chante louwanj pou Sen Izrayèl la.

14 Men, gade, frè byenneme m yo, menjan vwa Pitit Gason an te vin jwenn mwen, li di: Lè nou fin repanti pou peche nou, e nou temwaye devan Papa a, nou fè konnen nou vle respekte kòmandman m yo, palantremiz batèm nan dlo, e nou te resevwa batèm dife ak batèm Sentespri a, e nou kapab pale avèk yon nouvo lang, wi, tankou lang Zanj yo, e si apre sa nou ta "nye m, li ta p ^bpi bon pou nou si nou pa t konnen m.

15 Epi m te tandè vwa Papa a, li di: Wi, pawòl Byenneme m yo se verite e yo fidèl. Yon moun ki pèsèvere jiska lafen, se moun sa a ki pral sove.

16 Epi kounyeya, frè byenneme m yo, sa fè m konnen si yon moun pa "pèsèvere jiska lafen,

7a Jan 5:30.

GE Obeyi,
obeyisan,
obeyisans.

8a 1 Ne. 11:27.

b GE Kolonb, Siy.

9a 2 Ne. 9:41;

3 Ne. 14:13-14;
D&A 22:4.

10a Mat. 4:19; 8:22; 9:9.

b Mowo. 7:11;
D&A 56:2.

12a GE Don Sentespri.

b Lik 9:57-62;
Jan 12:26.

13a Gal. 3:26-27.

b GE Dife;
Don Sentespri.

c 2 Ne. 32:2-3.

14a Mat. 10:32-33;
Alma 24:30;
D&A 101:1-5.

GE Peche
enpadonab.

b 2 Pyè 2:21.

16a Alma 5:13; 38:2;
D&A 20:29.

pou l suiv ^begzanp Pitit Gason Bondye vivan an, li pa kapab sove.

17 Se poutèt sa, fè bagay yo m te di nou m te wè Senyè nou an ak Redanmtè nou an gen pou l fè a; paske, pou rezon sa a, m te wè yo, pou nou kapab konnen pòt kote pou nou antre a. Paske pòt pou nou antre a se repantans ak ^abatèm nan dlo; e lè sa a, nou pral gen ^bpadon pou peche nou yo nan dife ak nan Sentespri a.

18 Epi lè sa a, ou nan ^achemen ^betwat ak kwense a, ki mennen nan lavi etènèl la; wi, nou te antre nan pòt la; nou te aji daprè kòmandman Papa a ak Pitit Gason an; e nou te resevwa Sentespri a, ki bay ^atemwayaj Papa a ak Pitit Gason an, ki akonpli pwomès li te fè a, pwomès nou te gen pou nou resevwa si w antre nan chemen an.

19 Epi kounyeya, frè byenneme m yo, lè nou fin antre nan chemen etwat ak kwense sa a, m vle mande èske tout bagay ^afini? Gade, m di nou, Non; paske nou pa ta p kapab rive joukla si se pa t pou pawòl Kris yo, avèk ^blafwa fèm nou gen nan li, si nou pa ^cdepann antyèman sou merit limenm ki gen pouvwa pou l sove a.

20 Se poutèt sa, nou dwe ^aavanse avèk fèmte nan Kris la, avèk yon ^besperans pafètman klè, e avèk yon ^clanmou pou Bondye ak tout moun. Se poutèt sa, si nou kenbe fèm, nou fè yon festen ak pawòl Kris la, e si nou ^dpèsevere jiska lafen, gade Papa a di: N ap gen lavi etènèl.

21 Epi kounyeya, frè byenneme m yo, se ^achemen an sa; e pa gen ^bokenn lòt chemen ni okenn lòt ^cnon anba syèl la ki kapab sove lèzòm nan wayòm Bondye a. Epi kounyeya, gade, se ^ddoktrin Kris la, e se sèl doktrin verite ^ePapa a, ak Pitit Gason an, ak Sentespri a, ki se ^fyon sèl Bondye a, san finisman. Amèn.

CHAPIT 32

Zanj yo pale avèk pouvwa Sentespri a—Lèzòm dwe priye e jwenn konesans pou tèt pa yo nan men Sentespri a. Anviwon 559–545 ANVAN JEZIKRI.

EPI, gade, frè byenneme m yo, m sipoze n ap yon jan ap reflechi nan kè nou konsènan sa nou dwe fè lè nou fin antre nan chemen an. Men, gade, poukisa nou reflechi konsènan bagay sa yo nan kè nou?

2 Èske nou pa sonje m te di nou konsa, lè nou te fin ^aresevwa

16^b GE Jezikri—
Egzanp Jezikri.

17^a Mozya 18:10.
GE Batèm, batize.

^b GE Remisyon
peche yo.

18^a Pwov. 4:18.
GE Chemen.

^b 1 Ne. 8:20.
^c Tra. 5:29–32.

19^a Mozya 4:10.

^b GE Lafwa.

^c D&A 3:20.

20^a GE Mache, mache
avèk Bondye.

^b GE Esperans.

^c GE Lanmou, renmen.

^d GE Pèsevere.

21^a Tra. 4:10–12;

2 Ne. 9:41;

Alma 37:46;

D&A 132:22, 25.

^b Mozya 3:17.

^c GE Jezikri—Pran
non Jezikri avèk
nou.

^d Mat. 7:28;
Jan 7:16–17.

^e GE Bondye,
Divinite.

^f 3 Ne. 11:27, 35–36.
GE Inite.

32^{2 a} 3 Ne. 9:20.

Sentespri a nou t ap kapab pale nan ^blang zanj yo? Epi kounyeya, kòman nou ta kapab pale avèk lang zanj yo si se pa t pou Sentespri a?

3 ^aZanj yo pale avèk pouvwa Sentespri a; se poutèt sa, yo pale pawòl Kris la yo. Se poutèt sa, m te di nou, fè yon ^bfesten ak pawòl Kris la yo; paske gade, pawòl Kris yo pral di nou tout bagay nou dwe fè.

4 Se poutèt sa, lè m te fin pale pawòl sa yo, si nou pa kapab konprann yo, se poutèt nou ^apa mande, ni tou nou pa frape; se poutèt sa, nou pa vini nan limyè a, men nou dwe peri nan fènwa.

5 Paske gade m di nou si nou antre nan chemen an, e nou resevwa Sentespri a, l ap montre nou tout bagay nou dwe fè.

6 Gade, se doktrin Kris la sa, e nou p ap resevwa okenn lòt doktrin jistan li ^aprezante kò fizik li devan nou. Epi lè l prezante kò fizik li devan nou, nou pral obseve bagay li pral di nou pou nou fè yo.

7 Epi kounyeya, mwen menm Nefi, m pa kapab di plis; Lespri a sispann enspirasyon m, e m rete nan soufrans poutèt ^aenkredilite, ak mechanste, ak iyorans, ak kou rèd lèzòm; paske yo pa vle chèche konesans, ni konprann gran konesans, lè yo jwenn li ^bklè, menm pi klè nan jan yon pawòl ta kapab.

8 Epi kounyeya, frè byenneme m yo, m sispèk nou toujou ap reflechi nan kè nou; e sa fè m mal pou m oblije pale konsènan bagay sa a. Paske si nou te vle koute Lespri a, ki ansenye yon moun pou l ^apriye, nou ta konnen nou dwe priye; paske ^blespri malen an pa ansenye yon moun pou l priye, men li ansenye li pou l pa priye.

9 Men, gade, m di nou konsa nou dwe ^apriye tout tan e pa fayi; e nou pa dwe fè anyen pou Senyè a, san premyèman, nou pa priye Papa a nan ^bnon Kris la, pou l konsakre sa nou pral fè a pou nou, pou sa nou pral fè a kapab pou ^cbyen nanm nou.

CHAPIT 33

Pawòl Nefi yo se verite—Yo temwaye konsènan Kris la—Moun ki kwè nan Kris la yo pral kwè nan pawòl Nefi a yo, ki pral sèvi kòm temwen devan tribinal jisman an. Anviwon 559–545 AN-VAN JEZIKRI.

EPI, mwen menm Nefi, m pa kapab ekri tout ansèyman pèp mwen an te resevwa; ni tou m pa ^afò nan ekri menm jan m fò nan pawòl la; paske lè yon moun ^bpale avèk pouvwa Sentespri a, pouvwa Sentespri a pote pawòl la nan kè pitit lèzòm.

2 Men gade, gen anpil moun ki fè kè yo ^adi kont Lespri Sen

2b 2 Ne. 31:13.

3a GE Zanj yo.

b Jer. 15:16.

4a GE Mande.

6a 3 Ne. 11:8.

7a GE Enkredilite.

b 2 Ne. 31:2–3;

Jakòb 4:13.

8a GE Priyè.

b Mozya 4:14.

GE Dyab.

9a 3 Ne. 20:1;

D&A 75:11.

b Moyiz 5:8.

c Alma 34:27.

33 1a Etè 12:23–24.

b D&A 100:7–8.

2a Ela. 6:35–36.

an, konsa li pa gen plas nan yo; se poutèt sa, yo rejte anpil bagay ki ekri e yo pa pran yo pou anyen.

3 Men, mwen menm Nefi, sa m te ekri a, m ekri l nèt, e m konsidere l avèk anpil “valè, espesyalman pou pèp mwen an. Paske, ^bm priye tout tan pou yo lajounen, e je m mouye zòrye m nan nuit, poutèt yo; e m kriye nan pye Bondye m nan avèk lafwa, e m konnen l ap tandè kriye m.

4 Epi m konnen Senyè Bondye a pral konsakre priyè m yo pou byen pèp mwen an. Epi pawòl m te ekri yo nan feblès mwen pral vin “fò pou yo; paske li ^bpèsyade yo pou yo fè byen; li fè yo konnen konsènan zansèt yo; li pale konsènan Jezi, e li pèsyade yo pou yo kwè nan li, pou yo pèsèvere jiska lafen, ki se lavi “etènèl.

5 Epi li “pale di kont peche, daprè ^bklète verite a; se poutèt sa, pèsonn p ap fache kont pawòl m te ekri yo si li pa gen les-pri dyab la.

6 M pran plèzi nan klète; m pran plèzi nan verite; m pran plèzi nan Jezi m nan, paske li te “rachte nanm mwen anba lanfè.

7 M gen “charite pou pèp mwen an, ak gwo lafwa nan Kris

la, m konnen m pral rankontre anpil nanm san tach devan fotèy jijman li a.

8 M gen charite pou “Juif yo—m di Juif, paske m vle di moun kote m te sòti yo.

9 M gen charite pou “Janti yo tou. Men, gade, m pa espere pou okenn nan moun sa yo si yo pa ^brekonsilye avèk Kris la, e antre nan “pòt etwat la, e ^dmache nan “chemen dwat ki mennen nan lavi a, e kontinye nan chemen an jistan jou eprèv yo a fini.

10 Epi kounyeya, frè byenneme m yo, ak Juif yo tou, ak tout ekstremite tè a, koute pawòl sa yo e “kwè nan Kris la; e si nou pa kwè nan pawòl sa yo, kwè nan Kris la. Epi si nou kwè nan Kris la, n ap ^bkwè pawòl sa yo, paske yo se “pawòl Kris la e li te ban mwen yo; e yo “ansenye tout moun pou yo fè byen.

11 Epi, si se pa pawòl Kris la yo ye, jije noumenm—paske Kris la pral montre nou, avèk “pouvwa e anpil laglwa, se pawòl li yo ye, nan dènye jou a; e nou menm avèk mwen menm pral kanpe fasafas devan ^btribunal li a; e nou pral konnen m te resevwa kòmandman nan men l pou m ekri bagay sa yo, malgre feblès mwen.

12 Epi m priye Papa a nan non

3a GE Ekriti yo—
Valè ekriti yo.

b Enòs 1:9–12;
P—M 1:8.

4a Etè 12:26–27.

b Mowo. 7:13.

c GE Lavi etènèl.

5a 1 Ne. 16:1–3;
2 Ne. 9:40.

b 2 Ne. 31:3;
Jakòb 4:13.

6a GE Redanmtè,
restablisman,
redanmsyon.

7a GE Charite.

8a GE Juif yo.

9a GE Janti yo.

b GE Ekspyasyon,
ekspye.

c 2 Ne. 9:41.

d GE Mache, mache
avèk Bondye.

e Ela. 3:29–30;
D&A 132:22.

10a GE Kwayans, kwè.

b GE Liv Mòmòn.

c Mowo. 10:27–29.

d 2 Ne. 25:28.

11a Etè 5:4;
Mowo. 7:35.

b Apok. 20:12;
Mowo. 10:34.

Kris la pou anpil nan nou, si se pa nou tout, pou sove nan ^awa-yòm li a nan gran dènye jou sa a.

13 Epi kounyeya, frè byenneme m yo, tout moun ki fè pati kay Izrayèl la, ak tout ekstremite tè a, m ap pale avèk nou tankou vwa yon moun k ap ^arele sòti nan pousyè a: Orevwa jistan gran jou sa a rive.

14 Epi ou menm ki pa vle goute nan bonte Bondye a, e ki

pa vle respekte ^apawòl Juif yo, ak ^bpawòl mwen yo tou, ak pawòl yo ki pral sòti nan bouch Ti Mouton Bondye a, m di nou orevwa pou tout tan, paske pawòl sa yo pral ^ckondane nou nan dènye jou a.

15 Paske sa m sele sou tè a pral prezante kont nou devan tribinal ^ajijman an; paske se sa Senyè a te kòmande m, e m dwe obeyi l. Amèn.

LIV JAKÒB LA

FRÈ NEFI A

Pawòl li preche frè l yo. Li konfonn yon nonm ki t ap chèche ranvèsè doktrin Kris la. Kèk pawòl konsènan istwa pèp Nefi a.

CHAPIT 1

Jakòb ak Jozèf chèche konvenk lè-zòm pou yo kwè nan Kris la epi pou yo respekte kòmandman L yo—Nefi mouri—Mechanste gaye nan pami Nefit yo. Anviwon 544–421 ANVAN JEZIKRI.

PASKE gade, se te konsa, senkannsenk ane te pase depi Leyi te kite Jerizalèm; kounyeya, Nefi te bay, mwen menm ^aJakòb, yon ^bkòmandman konsènan ^cti plak ki gen bagay sa yo ekri sou yo a.

2 Epi, li te bay mwen menm, Jakòb, yon kòmandman pou m te

ekri kèk bagay m konsidere ki pi enpòtan pase tout lòt yo, sou plak sa yo; li ban m kòmandman pou m pa ekri sou yo, sod si sete lejèman, konsènan istwa pèp sa a yo rele pèp Nefi a.

3 Paske li te di konsa, istwa pèp li a dwe ekri sou lòt plak li yo, e m dwe prezève plak sa yo pou m pase yo bay desandan m yo, depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon.

4 Epi, si te gen prèch sakre, oubyen gwo revelasyon, oubyen pwofesi, pou m ta ekri ^atit yo sou plak sa yo, epi pou m pa touche yo otan sa ta posib, pou

12a GE Glwa selès.

13a Eza. 29:4;

2 Ne. 26:16.

14a GE Bib.

b GE Liv Mòmou.

c 2 Ne. 29:11;

Etè 4:8–10.

15a P—M 1:11.

[JAKÒB]

1 1a GE Jakòb, pitit gason Leyi.

b Jakòb 7:27.

c 2 Ne. 5:28–33;

Jakòb 3:13–14.

GE Plak.

4a svd atik ki pi bon, ki pi enpòtan yo.

lanmou Kris la epi pou byen pèp nou an.

5 Paske, poutèt lafwa nou ak anpil enkyetid nou, nou te reyèlman resevwa manifestasyon konsènan pèp nou an, konsènan bagay ki dwe "rive yo.

6 Epi tou, nou te resevwa anpil revelasyon, ak lespri anpil pwofesi; se poutèt sa, nou te konnen konsènan "Kris la ak wayòm li, ki gen pou vini.

7 Se poutèt sa, nou te travay avèk dilijans nan pami pèp nou an, pou nou kapab konvenk yo pou "vin jwenn Kris la, goute bonte Bondye, pou yo kapab antre nan ^brepo li, pou l pa sèmante nan kòlè li pou yo pa "antre nan repo li a, tankou ^apwovokasyon, nan epòk tantasyon lè pitit Izrayèl yo te nan "dezè a.

8 Se poutèt sa, nou ta mande Bondye pou nou ta kapab konvenk tout moun pou yo pa fè "rebèl kont Bondye, pou ^bpwovoke kòlè l, men, pou tout moun ta kwè nan Kris la, pou yo konsidere lanmò li, pou yo "soufri kwa li a, epi pou yo pote wont mond lan; se poutèt sa, mwen menm Jakòb, m pran angajman pou m akonpli kòmandman Nefi yo, frè m nan.

9 Kounyeya, Nefi te kòmanse vyeyi, e li te wè li dwe "mouri talèkonsa; se poutèt sa, li te ^bchwazi yon nonm kòm wa ak gouvènè alatèt pèp la kounyeya, dapre gouvènman "wa yo.

10 Pèp la te renmen Nefi anpil, paske li te yon gwo pwotektè pou yo, li te itilize "epe Laban an pou l defann yo, epi li te travay chak jou pou byen yo—

11 Se poutèt sa, pèp la te vle pote non li kòm souvni. Nenpòt moun ki gouvènè nan plas li, pèp la rele yo dezyèm Nefi, twazyèm Nefi, kontinye ale, dapre gouvènman wa yo; se konsa pèp la te rele yo, kèlkeswa non yo te genyen.

12 Epi, se te konsa, Nefi te mouri.

13 Kounyeya moun ki pa t "Lamanit yo, te ^bNefit; sepandan, yo te rele yo Nefit, Jakobit, Jozefit, "Zoramit, Lamanit, Lemyelit ak Ismayelit.

14 Men, mwen menm, Jakòb, m p ap distenge yo avèk non sa yo, m pral "rele moun k ap chèche detwi Nefit yo Lamanit, e m pral ^brele zanmi Nefi yo Nefit, oubyen "pèp Nefi a, dapre gouvènman wa yo.

15 Epi, se te konsa, sou gouvènman dezyèm wa a, pèp Nefi

5a 1 Ne. 12.

6a 1 Ne. 10:4-11; 19:8-14.

7a 2 Ne. 9:41; Omni 1:26;

Mowo. 10:32.

b GE Repo.

c Nonb 14:23;

Det. 1:35-37;

D&A 84:23-25.

d Ebre 3:8.

e Nonb 26:65;

1 Ne. 17:23-31.

8a GE Rebelyon.

b 1 Ne. 17:30;

Alma 12:36-37;

Ela. 7:18.

c TJS Mat. 16:25-26

(Apendis);

Lik 14:27.

9a 2 Ne. 1:14.

b GE Wen.

c 2 Ne. 6:2;

Jawòm 1:7.

10a 1 Ne. 4:9;

2 Ne. 5:14;

P—M 1:13;

Mozya 1:16;

D&A 17:1.

13a Enòs 1:13;

D&A 3:18.

b GE Nefit yo.

c 1 Ne. 4:35;

4 Ne. 1:36-37.

14a Mozya 25:12;

Alma 2:11.

b 2 Ne. 4:11.

c 2 Ne. 5:9.

a te kòmanse gen kè di, e yo te yon jan tonbe nan pratike move bagay, tankou David ak pitit gason li a, Salomon te konn fè nan tan lontan an, yo te vle gen anpil “madanm ak metchè.

16 Wi, epi tou, yo te kòmanse chèche anpil lò ak lajan, e yo te yon jan kòmanse chaje avèk lògèy.

17 Se poutèt sa, mwen menm, Jakòb, m te ba yo pawòl sa yo pandan m t ap preche yo nan “tanp la, lè m te fin jwenn ^bpèmi-syon nan men Senyè a.

18 Paske, mwen menm Jakòb, ak Jozèf, frè m nan, Nefi te “konsakre nou prèt ak enstriktè pou pèp la.

19 Epi, nou te byen mayifye “apèl nou devan Senyè a; nou te pran ^bresponsablite pou nou pran peche pèp la sou tèt pa nou si nou pa preche yo pawòl Bondye a avèk anpil dilijans; se poutèt sa, lè nou travay avèk fòs nou, ‘san yo p ap tonbe sou wòb nou; otreman, san yo t ap tonbe sou wòb nou e nou pa t ap san tach nan dènye jou a.

CHAPIT 2

Jakòb denonse lanmou pou richès, lògèy, ak moun ki pa gen chastete—Lèzòm kapab chèche richès pou ede pwochen yo—Senyè a kòmande pou okenn gason nan pami Nefit yo pa gen plis pase yon sèl madanm—Senyè a rejwi nan

chastete fi yo. Anviwon 544–421 ANVAN JEZIKRI.

Pawòl Jakòb, frè Nefi a te pale avèk pèp Nefi a, apre lanmò Nefi:

2 Kounyeya, frè byenneme m yo, daprè responsablite, mwen menm Jakòb m genyen devan Bondye, pou m mayifye apèl mwen nòmalmman, pou m kapab wete peche nou yo sou rad mwen; m monte nan tanp la jodi a pou m kapab deklare nou pawòl Bondye a.

3 Epi noumenm poutèt pa nou, nou konnen m te travay nan apèl mwen avèk dilijans; men, jodi a, m gen yon gwo anvi ak yon lakrent k ap kraze m pou byennèt nanm nou, pi plis pase jan m te konn santi m.

4 Paske gade jiskaprezan, nou te obeyisan nan pawòl Senyè a m te ba nou yo.

5 Men, gade koute m, e konnen se avèk sipò Kreyatè Toupuisan syèl la ak tè a m kapab pale nou konsènan “panse nou yo, kòman nou kòmanse travay nan peche, peche sa a ki parèt abominab anpil devan m, wi, abominab devan Bondye tou.

6 Wi, sa fè nanm mwen tris e li fè m rekile devan Kreyatè m nan, tèlman m wont, paske m oblije temwaye devan nou konsènan mechanste kè nou.

7 Epi tou, sa fè m tris pou m oblije pale “kare konsènan nou, devan madanm ak pitit nou yo;

15a D&A 132:38–39.

17a 2 Ne. 5:16.

GE Tanp, kay Senyè a.

b GE Aple, Bondye te aple, apèl.

18a 2 Ne. 5:26.

19a GE Ofis, ofisyè.

b D&A 107:99–100.

GE Entandan, entandans.

c 2 Ne. 9:44.

2 5a Alma 12:3;

D&A 6:16.

GE Bondye, Divinite.

7a D&A 121:43.

anpil ladan yo gen santiman ki dou anpil, ki ^bchas anpil e ki frajil devan Bondye, kalite ki fè Bondye plezi;

8 Epi, sanble yo vini reyèlman pou tande bon ^apawòl ki te soti nan Bondye; wi, pawòl ki geri nanm ki blese.

9 Se poutèt sa, sa fatigue nanm mwen, pou m oblije reprimande nou, dapre kòmandman sevè m resevwa nan men Bondye pou krim nou fè, pou m laji maleng moun yo ki deja blese, tan pou m ta konsole yo e pou m ta geri yo; e, moun ki pa t blese yo, tan pou yo ta fè fèt avèk bon pawòl Bondye a, yo gen ponya, tou pare pou blese panse yo ki frajil.

10 Men, menm si travay la gwo, m oblije fè l dapre ^akòmandman egzat Bondye, pou m pale nou konsènan mekanste nou ak abominasyon nou nan prezans moun ki gen kè pi, ak kè brize devan grenn ^bje klere Bondye Toupuisan an.

11 Se poutèt sa, m oblije di nou verite a dapre ^aklète pawòl Bondye a. Paske gade, jan m te mande Senyè a, se konsa pawòl la te vin jwenn mwen, li di m: Jakòb, monte nan tanp la demen, e deklare pèp la pawòl m pral ba nou yo.

12 Epi kounyeya gade, frè m yo, se pawòl sa a m ap deklare nou; anpil nan pami nou deja

kòmanse chèche lò ak lajan ak tout kalite metal ki ^achè, ki ranpli tè sa a, ki se yon ^btè pwomiz pou nou ak jenerasyon nou yo.

13 Epi, men pwovidans la te souri ba nou avèk anpil byenveyans, ki te fè nou jwenn anpil richès; e poutèt kèk moun pami nou te jwenn plis pase lòt frè yo, nou ^achaje kè nou avèk lògèy, nou mache kou rèd ak tèt dwat, poutèt rad ki chè nou mete, e nou pèsekite frè nou yo paske nou sipoze nou pi bon pase yo.

14 E kounyeya, frè m yo, èske nou sipoze Bondye aksepte bagay sa yo? M di nou, Non. Men, li kondane nou, e si nou pèsiste nan bagay sa yo, jijman li dwe tonbe sou nou rapid.

15 O, se pou l montre nou li kapab penetre nou, e avèk yon sèl kout je, li kapab fè nou tounen pousyè!

16 O, se pou l debarase nou avèk inikite ak abominasyon sa a. Epi, pou nou koute pawòl li kòmande, e pou nou pa kite ^alògèy ki nan kè nou an detwi nanm nou!

17 Panse avèk frè nou yo tankou tèt pa nou, fè zanmi avèk tout moun, e separe ^asa nou genyen, pou ^byo kapab rich tankou nou.

18 Men, anvan nou chèche ^arichès, chèche ^bwayòm Bondye a.

19 Epi, lè nou fin gen espwa nan Kris la, nou pral jwenn richès, si

7b GE Vèti.

8a Alma 31:5.

10a GE Kòmandman Bondye yo.

b 2 Ne. 9:44.

11a 2 Ne. 25:4; 31:2-3.

12a 1 Ne. 18:25; Ela. 6:9-11;

Etè 10:23.

b 1 Ne. 2:20.

GE Tè pwomiz.

13a Mòm. 8:35-39.

16a GE Lògèy.

17a GE Antrèd;

Fè lacharite, lacharite.

b 4 Ne. 1:3.

18a 1 Wa 3:11-13;

Mak 10:17-27;

2 Ne. 26:31;

D&A 6:7.

GE Richès.

b Lik 12:22-31.

nou chèche yo; e nou dwe chèche yo nan entansyon pou nou “fè byen—pou nou abiye pòv yo, bay moun ki grangou manje, lage prizonye, e pran swen moun ki malad ak moun ki nan detrès.

20 Epi kounyeya, frè m yo, m te pale nou konsènan lògèy; e moun nan pami nou ki te aflije vwazen l, e ki te pèsekite l paske yo gen lògèy poutèt bagay Bondye te ba nou yo, sa nou panse pou sa?

21 Èske nou pa sipoze bagay sa yo abominab devan moun ki te kreye tout kò fizik yo? Epi tout moun gen menm enpòtans devan l. Tout kò fizik te sòti nan pousyè; e li te kreye yo tout pou menm rezon, pou yo kapab respekte “kòmandman l yo e pou yo glorifye l pou tout tan.

22 Epi kounyeya, m ap sispann pale nou konsènan lògèy sa a. Si m pa t gen pou m pale nou konsènan yon pi gwo krim, kè m ta rejwi anpil pou nou.

23 Men, pawòl Bondye chaje m poutèt pi gwo krim nou yo. Paske gade, Senyè a di: Pèp sa a kòmanse ap grandi nan inikite, yo pa konprann ekriti yo, paske y ap chèche jistifye tèt yo pandan y ap fè libètinaj seksyèl, poutèt bagay ki te ekri konsènan David ak Salomon, pitit gason David la.

24 Gade, David ak “Salomon reyèlman te gen anpil ^bmadanm ak

metrès. Men, Senyè a di konsa, se yon bagay ki abominab devan m.

25 Se poutèt sa, Senyè a di konsa, M te dirije pèp sa a soti nan peyi Jerizalèm avèk pou vwa ponyèt mwen pou m kapab grandi yon “branch moun ki jis ki soti nan ren Jozèf.

26 Se poutèt sa, mwen menm Senyè Bondye, m p ap kite pèp sa a fè tankou moun lontan yo.

27 Se poutèt sa, frè m yo, tandem, e koute pawòl Senyè a yo: Pèsonn pami nou pa dwe gen plis pase “yon madanm; e li pa dwe gen onkenn metrès;

28 Paske, mwen menm Senyè Bondye a, m onore fi ki “chast. Epi, libètinaj seksyèl se yon abominasyon devan m; se sa Senyè tout Lame yo di.

29 Senyè tout Lame yo di, se poutèt sa, pèp sa a dwe respekte kòmandman m yo, oubyen peyi a ap “modi poutèt yo.

30 Senyè tout Lame yo di, Paske, si m vle leve yon “jenèrasyon poutèt pa m, m ap bay pèp mwen an kòmandman, san sa, yo pral koute bagay sa yo.

31 Paske gade, mwen menm, Senyè a, m te wè lapenn e m te tandem kriye fi pèp mwen yo ki nan peyi Jerizalèm nan, wi, ki nan tout peyi pèp mwen yo, poutèt mechanste ak abominasyon mari yo.

32 Epi Senyè tout Lame yo

19a Moza 4:26.

21a D&A 11:20;
Abr. 3:25–26.

24a 1 Wa 11:1;
Ney. 13:25–27.

b 1 Wa 11:1–3;
Esd. 9:1–2;

D&A 132:38–39.

25a Jen. 49:22–26;
Amòs 5:15;

2 Ne. 3:5;
Alma 26:36.

GE Leyi, papa Nefi.

27a D&A 42:22; 49:16.

GE Maryaj, marye.

28a GE Chastete.

29a Etè 2:8–12.

30a Mal. 2:15;
D&A 132:61–66.

di: m p ap kite kri bèl pitit fi pèp sa a, m te dirije sòti nan peyi Jerizalèm nan monte kote m kont gason yo ki nan pèp mwen an. Se sa Senyè tout Lame yo di.

33 Senyè tout Lame yo di, paske, yo p ap mennen fi yo ki nan pèp mwen an prizonye poutèt tandrès yo, san m pa voye yon malediksyon tèrib sou yo, jistan yo detwi; paske m p ap kite yo fè libètinaj seksyèl tankou moun lontan yo.

34 Epi kounyeya gade, frè m yo, nou konnen papa nou, Leyi te resevwa kòmandman sa yo se konsa nou te konnen yo avan, e nou tonbe nan gwo kondanasyon; paske nou te fè bagay sa yo nou pa dwe fè.

35 Gade Reyèlman, ou te fè “pi gwo inikite pase Lamanit yo, frè nou yo. Nou te kase kè madanm nou yo ki gen tandrès, e nou te vyole konfyans pitit nou yo akoz move egzanp nou devan yo; e kriye ki sòti nan kè yo ap monte anlè kote Bondye kont nou. Epi, poutèt dwati pawòl Bondye a, k ap desann kont nou, anpil kè te mouri, yo pèsè avèk yon maleng ki fon.

CHAPIT 3

Moun ki gen kè pi, resevwa bon pawòl Bondye a—Dwati Lamanit yo depase pa Nefit yo—Jakòb avèti kont fònikasyon, imoralite ak tout peche. Anviwon 544–421 ANVAN JEZIKRI.

MEN, gade mwen menm, Jakòb, m vle pale avèk moun ki gen kè pi yo. Leve tèt gade Bondye avèk panse nou fèm, priye l avèk anpil lafwa, e l ap konsole nou nan afliksyon, l ap plede kòz nou, e l ap voye lajistis desann sou moun k ap chèche detwi nou.

2 O, tout moun ki gen kè pi, leve tèt nou pou nou resevwa bon pawòl Bondye, fè fèt avèk lanmou li; paske, nou kapab, si panse nou “fèm pou tout tan.

3 Men, malè, malè pou moun ki pa gen kè pi, ki “sal jodi a devan Bondye; paske si nou pa repanti, peyi a ap modi poutèt nou; e Lamanit yo ki pa sal tankou nou, menm si yo gen yon malediksyon terib, yo pral chatye nou jistan nou detwi.

4 Epi, lè a ap vini rapid, si nou pa repanti, yo pral posede tè eritaj nou yo, e Senyè Bondye a pral “wete moun ki jis yo nan pami nou.

5 Gade Lamanit yo, frè nou yo nou rayi yo poutèt salte yo ak malediksyon ki te tonbe sou yo a, yo pi jis pase nou; paske yo pa “bliye kòmandman Senyè a te bay papa nou an—Pou yo genyen yon sèl madanm, e yo pa dwe gen okenn manmzèl, e pou libètinaj seksyèl pa fèt nan pami yo.

6 Epi kounyeya, yo te eseye respekte kòmandman sa a; se poutèt sa, poutèt yo te eseye respekte kòmandman sa a, Senyè Bondye a p ap detwi yo, men li

33a GE Imoralite seksyèl; Sansyalite, sansyèl.
35a Jakòb 3:5–7.

3 2a Alma 57:26–27.
3a GE Sal, salte.
b 1 Ne. 12:23.

4a Omni 1:5–7, 12–13.
5a Jakòb 2:35.

pral gen "mizèrikòd pou yo, e yon jou yo pral vin tounen yon pèp beni.

7 Gade, mari yo "renmen madanm yo, madanm yo renmen mari yo; e mari ak madanm yo renmen pitit yo; e enkredilite yo ak rayiman yo genyen kont nou an, se akoz inikite papa yo; se poutèt sa, kisa ki fè nou pi bon pase yo, devan je gran Kre-yatè nou an?

8 O, frè m yo, m pè, si nou pa repanti nan peche nou yo, pou po yo pa vin pi blan pase po nou, lè yo kanpe avèk nou devan twòn Bondye a.

9 Se poutèt sa, m ba nou yon kòmandman ki se pawòl Bondye, pou nou sispann ensilte yo poutèt po yo ki fonsè; ni tou pa ensilte yo poutèt salte yo; men, sonje salte pa nou yo, e sonje salte yo genyen an, se poutèt papa yo.

10 Se poutèt sa, sonje "pitit nou yo, sonje kòman nou te atriste kè yo poutèt egzanp nou trase devan yo a, e sonje nou kapab atire destriksyon sou pitit nou yo, poutèt salte nou yo, e peche yo kapab anpile sou tèt nou nan dènye jou a.

11 O, frè m yo, koute pawòl mwen yo; reveye tout fòs nanm nou yo; souke kò nou pou nou kapab "reveye nan somèy lanmò; e demare kò nou anba doulè ^blanfè, pou nou kapab pa vin tounen ^czanj dyab la, pou

yo pa chase nou al nan lak dife ak souf la, ki se dezyèm ^dlanmò a.

12 Epi mwen menm Jakòb, m te pale anpil lòt pawòl avèk pèp Nefi a, pou m avèti yo kont "fònikasyon ak ^bimoralite ak tout kalite peche, m te di yo konsekans terib bagay sa yo.

13 Epi, yon santyèm pati nan bagay pèp sa a, ki kòmanse vin anpil, pa kapab ekri sou "plak sa yo; men, anpil nan bagay ki te pase yo ekri sou pi gwo plak yo, lagè yo, ak chirepit yo, ak gouvènman wa yo.

14 Plak sa yo rele plak Jakòb, e se Nefi ki te fè yo avèk men li. Epi, m fin pale pawòl sa yo.

CHAPIT 4

Tout pwofèt yo te konn adore Papa a, nan non Kris la—Lè Abraram te ofri Izarak la, se te nan resanblans Bondye ak Sèl Pitit Literal Li a—Lèzòm dwe rekonsilye avèk Bondye pa mwayen ekspyasyon an—Juif yo pral rejte wòch fondasyon an. Anviwon 544–421 AN-VAN JEZIKRI.

KOUNYEYA gade, se te konsa, mwen menm Jakòb, m te preche pèp mwen an anpil avèk pawòl, (m pa kapab ekri anpil nan pawòl mwen yo poutèt difikilte ki genyen pou nou ekri pawòl nou yo sou plak) e nou konnen bagay sou plak yo dwe rete;

2 Men, nenpòt sa nou ekri

6a 2 Ne. 4:3, 6–7;
Ela. 15:10–13.

7a GE Fanmi;
Lanmou, renmen.

10a GE Timoun,
timoun yo.

11a Alma 5:6–9.

b GE Lanfè.

c 2 Ne. 9:8–9.

d GE Lanmò
espirityèl.

12a GE Fònikasyon.

b GE Konvwate,
konvwatiz;
Mechan,
mechanste.

13a 1 Ne. 19:1–4;
Jakòb 1:1–4.

konsènan nenpòt bagay, si se pa sou plak, yo dwe peri e yo dwe disparèt; men, nou kapab ekri kèk pawòl sou plak yo ki pral bay pitit nou yo, ak frè byenneme nou yo, yon ti kantite konesans konsènan nou, oubyen konsènan zansèt yo—

3 Kounyeya nou pran plezi nan bagay sa a; e nou travay avèk dilijans pou nou kapab ekri pawòl sa yo sou plak; nou espere frè byenneme nou yo ak pitit nou yo pral resevwa yo avèk yon kè rekonesan, e yo pral gade yo pou yo kapab aprann avèk lajwa, men san lapenn, ni mepri konsènan premye paran nou yo.

4 Paske, se nan entansyon sa a nou te ekri bagay sa yo, pou yo kapab konnen nou te konnen ^akonsènan Kris la, e nou te gen espwa nan laglwa li anpil santèn ane anvan aparisyon l; e se pa sèlman nou te gen yon espwa nan laglwa l pou tèt pa nou, men tou, tout ^bpwofèt ki sen yo ki te la anvan nou yo.

5 Gade, yo te kwè nan Kris la, epi yo te ^aadore Papa a nan non l, nou menm tou nou adore Papa a nan non l. Se nan entansyon sa a nou kenbe ^blwa Moyiz la, li ^cfikse nanm nou sou li; se

poutèt sa, Bondye te sanktifye l pou nou avèk lajistis, menm jan yo te mande Abraram, nan dezè a, pou yo obeyi kòmandman Bondye yo, pou l ofri Izarak, pitit gason li a, ki se yon resanblans Bondye ak ^dSèl Pitit Gason Literal li a.

6 Se poutèt sa, nou fouye pawòl pwofèt yo, e nou gen anpil revelasyon ak lespri ^apwofesi; e paske nou gen tout ^btemwayaj sa yo, nou jwenn yon esperans, e lafwa nou vin tèlman solid, nou kapab ^ckòmande nan ^dnon Jezi, e menm pyebwa yo obeyi nou, oubyen mòn yo, oubyen vag lanmè yo.

7 Men, Senyè Bondye a montre nou ^afeblès nou pou nou kapab konnen se poutèt lagras li, ak gwo kondesansyon l pou pitit lèzòm, ki ban nou pouvwa pou nou fè bagay sa yo.

8 Gade, zèv Senyè a yo gran, ak mèvèy. Ala pwofondè ^amistè li yo ^bentouchab; e li enposib pou lòm ta konprann tout fason li yo. Epi pa gen moun ki ^ckonnen ^dwout li yo, si li pa gen revelasyon; se poutèt sa, frè m yo, pa meprize revelasyon Bondye yo.

9 Paske gade, avèk pouvwa ^apawòl li, ^blèzòm te vini sou

4 ^a GE Jezikri.
^b Lik 24:25-27;
 Jakòb 7:11;
 Mozya 13:33-35;
 D&A 20:26.
^{5a} Moyiz 5:8.
^b 2 Ne. 25:24;
 Jawòm 1:11;
 Mozya 13:27, 30;
 Alma 25:15-16.
 GE Lwa Moyiz.
^c Gal. 3:24.

^d Jen. 22:1-14;
 Jan 3:16-18.
 GE Sèl pitit literal.
^{6a} GE Pwofesi,
 pwofetize.
^b GE Temwen.
^c GE Pouvwa.
^d Tra. 3:6-16;
 3 Ne. 8:1.
^{7a} Etè 12:27.
^{8a} D&A 19:10;
 76:114.

GE Mistè Bondye yo.
^b Wom. 11:33-36.
^c 1 Kor. 2:9-16;
 Alma 26:21-22.
 GE Konesans.
^d Eza. 55:8-9.
^{9a} Mòm. 9:17;
 Moyiz 1:32.
^b GE Kreyasyon,
 kreye;
 Lèzòm, lòm.

sifas tè a, tè sa a ki te kreye avèk pouvwa pawòl li. Se poutèt sa, si Bondye te kapab pale e mond lan te fèt, e si l te kapab pale e lèzòm te fèt; kòman l ta fè pa kapab kòmande ‘tè a, ou-byen travay li te fè avèk men l sou sifas tè a, dapre volonte ak bon plezi l?

10 Se poutèt sa, frè m yo, pa chèche bay Senyè a “konsèy, men, chèche pran konsèy nan men l. Paske, nou konnen poutèt pa nou, li konseye avèk ^blasajès, ak lajistis, ak anpil mi-zèrikòd sou tout zèv li yo.

11 Se poutèt sa, frè byenneme m yo, rekonsilye nou avèk li pa mwayen “ekspyasyon Kris la, ^bSèl Pitit Gason Literal li a, e nou kapab jwenn yon “rezirèksyon, dapre pouvwa rezirèksyon ki nan Kris la, pou nou kapab prezante kòm yon ^apremye fwi pou Kris la devan Bondye, avèk lafwa, e pou nou gen yon bon esperans laglwa nan li, anvan li fè nou wè l nan kò fizik li.

12 Epi kounyeya, byenneme, pa etone si m di nou bagay sa yo; paske, poukisa pou m pa ta ^apale konsènan ekspyasyon Kris la, pou m kapab vin gen yon konesans pafè konsènan li, pou m gen yon konesans konsènan yon

rezirèksyon e konsènan mond lan ki pral vini an?

13 Gade frè m yo, yon moun ki pwofetize, se pou l pwofetize pou lèzòm kapab konprann; paske “Lespri a pale verite, e li pa bay manti. Se poutèt sa, li pale konsènan ^bbagay yo jan yo reyèlman ye an, ak jan yo pral vin ye; se poutèt sa, bagay sa yo vin jwenn nou ^cklèman, pou nanm nou kapab sove. Men, nou pa sèl temwen nan bagay sa yo; paske Bondye tou te pale konsènan bagay sa yo avèk ansyen pwofèt yo.

14 Men gade, Juif yo te yon ^apèp kou rèd; e yo te ^bmeprize pawòl ki klè, yo te touye pwofèt yo, e yo te chèche bagay yo pa kapab konprann. Se poutèt sa, poutèt yo avèg, yo te ^cavèg poutèt yo gade pi lwen liy nan, yo dwe tonbe; paske Bondye te wete klète li a nan pami yo, e li te ba yo anpil bagay yo ^apa kapab konprann, paske yo te vle l. Epi, paske yo te vle l Bondye te fè sa, pou yo kapab fè fo pa.

15 Epi kounyeya, mwen menm, Jakòb, Lespri a gide m pou m kapab pwofetize; paske, Lespri k ap travay nan mwen an fè m santi, lè Juif yo ^atrebiche a, yo pral ^brejte ^cwòch ki pou ta fè yo gen yon fondasyon solid.

9c Ela. 12:8-17.

10a 2 Ne. 9:28-29;

Alma 37:12, 37;

D&A 3:4, 13.

b GE Omnisyan;

Sajès.

11a GE Ekspyasyon, ekspye.

b Ebre 5:9.

c GE Rezirèksyon.

d Mozya 15:21-23; 18:9;

Alma 40:16-21.

12a 2 Ne. 25:26.

13a GE Sentespri;

Verite.

b D&A 93:24.

c Alma 13:23.

14a Mat. 23:37-38;

2 Ne. 25:2.

b 2 Kor. 11:3;

1 Ne. 19:7;

2 Ne. 33:2.

c Eza. 44:18;

Wom. 11:25.

d 2 Ne. 25:1-2.

15a Eza. 8:13-15;

1 Kor. 1:23;

2 Ne. 18:13-15.

b 1 Ne. 10:11.

c GE Wòch;

Wòch-fondasyon.

16 Men gade, daprè ekriti yo, “wòch sa a pral vin gwo, ak dènye, ak sèl ^bfondasyon, Juif yo ta kapab pran pou yo bati.

17 Epi kounyeya, byenneme m yo, kòman l ap fè posib pou moun sa yo ta “janm kapab bati sou fondasyon solid la, lè yo fin rejte l, pou l kapab vin tounen wòch ki fè jwenti yo?

18 Gade, frè byenneme m yo, m pral devwale mistè sa a devan nou; si m pa tranble nan solidite m genyen nan Lespri a, si m pa trebiche poutèt kè sote m gen pou nou.

CHAPIT 5

Jakòb site Zenòs pou l montre istwa bon pye oliv ak pye oliv mawon an—Yo tankou Izrayèl ak Janti yo—Yo prevwa dispèsyon ak rasanbleman pèp Izrayèl la—Yo mansyone Nefit ak Lamanit yo, ak tout kay Izrayèl la—Janti yo pral grefe sou Izrayèl—Alafen, jaden an pral boule. Anviwon 544–421 ANVAN JEZIKRI.

GADE, frè m yo, èske nou pa sonje nou te li pawòl pwofèt “Zenòs te pale avèk kay Izrayèl la, lè l te di:

2 Koute, O, noumenm kay Izrayèl la, tandè pawòl mwen, m se yon pwofèt Senyè a.

3 Paske gade, Senyè a di, m pral konpare nou, O “kay Izrayèl la, avèk yon bon ^bpye oliv yon moun pran, e li nourri l nan

“jaden l; e li grandi, li vyeyi, e li kòmanse “pouri.

4 Epi, se te konsa, mèt jaden an vini, e li te wè pye oliv la kòmanse pouri; e li di: M pral taye l, m pral ranfòse l avèk tè, e m pral nourri l, pou wè si, petèt, li pral fè jèn branch, pou l pa peri.

5 Epi, se te konsa, li te taye l, li te ranfòse l avèk tè, e li te nourri l daprè pawòl li.

6 Epi, se te konsa, apre anpil jou, li te kòmanse yon ti jan pouse jèn branch frèch; men, tè li te kòmanse peri.

7 Epi, se te konsa, mèt jaden an te wè sa, e li di sèvitè li a: Sa fè m mal pou m ta pèdi pyebwa sa a; se poutèt sa, al pran branch yon “pye oliv mawon, e pote yo ban mwen; e nou pral koupe gwo branch sa yo ki kòmanse tonbe a, nou pral jete yo nan dife pou yo kapab boule.

8 Epi, gade mèt a jaden an di, m wete anpil nan jèn branch frèch yo, e m pral grefe yo nenpòt kote m vle; e sa pa fè anyen si rasin pyebwa sa a pral peri, m kapab konsève fwi yo poutèt pa m; se poutèt sa, m pral pran jèn branch frèch sa yo, m pral grefe yo nenpòt kote m vle.

9 Pran branch pye oliv mawon an, grefe yo “nan plas yo; e sa m te koupe yo, m pral jete yo nan dife pou yo boule, pou yo kapab pa ankonbre tè jaden m nan.

10 Epi, se te konsa, sèvitè mèt

16a Sòm 118:22–23.

b Eza. 28:16;
Ela. 5:12.

17a Mat. 19:30;
D&A 29:30.

5 1a GE Zenòs.

3a Ezek. 36:8.
GE Izrayèl.

b Wom. 11:17–24.
GE Pye oliv.

c D&A 101:44.

GE Jaden Senyè a.

d GE Apostazi.

7a Wom. 11:17, 24.

9a Wom. 1:13.

jaden an te fè daprè pawòl Senyè jaden an, e li te grefe branch "pye oliv mawon an.

11 Epi, mèt jaden an te fè yo ranfòse l avèk tè, te taye l, te nourri l, e li di sèvitè a: Sa fè m mal pou m ta pèdi pyebwa sa a; se poutèt sa, m te fè bagay sa a, petèt pou m kapab prezève rasin yo pou yo pa peri, pou m kapab prezève yo.

12 Se poutèt sa, ale; veye pyebwa a, e nourri l, daprè pawòl mwen yo.

13 Epi, m pral "mete sa yo nan kote pi ba nan jaden m nan, nenpòt jan m vle, sa pa fè nou anyen; m fè sa pou m kapab konsève branch natirèl pyebwa a; epi tou, pou m kapab anmagazine fwi nan sezon an pou tèt pa m; paske, sa fè m mal pou m pèdi pyebwa sa a ak fwi sa yo.

14 Epi, se te konsa, mèt jaden an t ale fè wout li, li te kache branch natirèl bon pye oliv la nan kote ki pi ba nan jaden an, enpe nan youn, enpe nan yon lòt, daprè jan lide l di l.

15 Epi, se te konsa, anpil tan te pase, mèt jaden an di sèvitè li a: Vini, an nou desann nan jaden an, pou nou kapab travay nan jaden an.

16 Epi, se te konsa, mèt jaden an ak sèvitè a t ale nan jaden an pou yo travay. Epi, se te konsa, sèvitè a di mèt la: Gade la a; gade pyebwa a.

17 Epi, se te konsa, mèt jaden an te gade, li te wè pyebwa kote branch oliv mawon yo te grefe a; li te grandi, e li te kòmanse pote

"fwi. Epi, li te wè l te bon; fwi yo te tankou fwi natirèl yo.

18 Epi, li di sèvitè a: gade, branch pyebwa mawon an te pran vitamin nan rasin yo, rasin yo te gen anpil fòs; e poutèt fòs rasin nan te genyen, branch mawon yo te pote bon fwi. Kounyeya, si nou pa t grefe branch sa yo, pyebwa a t ap peri. Epi kounyeya gade, m pral ranmase anpil fwi, pyebwa sa a pote; e m pral ranmase yo pou m sere pou sezon an pou tèt pa m.

19 Epi, se te konsa, mèt jaden an di sèvitè a: Vini, an nou ale nan pati ki pi ba nan jaden an, pou nou wè si branch natirèl pyebwa yo pa pote bon fwi tou, pou m kapab ranmase fwi, pou m sere pou sezon an pou tèt pa m.

20 Epi, se te konsa, yo t ale kote mèt la te kache branch natirèl pyebwa a, e li di sèvitè a: Gade sa yo; li te wè "premye a te pote anpil fwi; e li te wè yo te bon. Epi, li di sèvitè a: Pran fwi sa yo, e sere yo pou sezon an, pou m kapab prezève yo pou tèt pa m; paske, li di: M te nourri l pandan lontan, e li te pote anpil fwi.

21 Epi, se te konsa, sèvitè a di mèt li a: Kòman fè se la w vin plante pyebwa sa a, oubyen branch pyebwa sa a? Se te kote pi sèch nan tout tè jaden w lan.

22 Epi, mèt jaden an di l: Pa ban m konsèy; m te konnen se te yon kote sèch nan tè a; se poutèt sa, m di w, m te nourri l pandan tout tan sa a, e ou wè l te pote anpil fwi.

23 Epi, se te konsa, mèt jaden

10a GE Janti yo.
13a 1 Ne. 10:12.

17a Jan 15:16.
20a Jakòb 5:39.

an di sèvitè li a: Gade la; ou wè m te plante yon lòt branch pyebwa a tou; epi w konnen kote sa a te pi sèch pase premye kote nan tè a. Men, gade pyebwa a. M te nourì l pandan tout tan sa a, e li te pote anpil fwi; se poutèt sa, ranmase yo, e sere yo pou sezon an, pou m kapab prezève yo pou tèt pa m.

24 Epi, se te konsa, mèt jaden an di sèvitè l la ankò: Voye je w lòt bò a, gade yon lòt "branch m te plante tou; ou wè, m te nourì l tou, men, li pote fwi.

25 Epi, li di sèvitè a: Voye je w lòt bò a, e gade dènye a. Gade m te plante sa a yon "bon kote nan tè a; m te nourì l pandan tout tan sa a, e se sèlman yon pati nan pyebwa a ki te pote bon fwi; ^blòt pati nan pyebwa a te pote move fwi; gade, m te nourì pyebwa sa a tankou lòt yo.

26 Epi, se te konsa, mèt jaden an di sèvitè a: Koupe branch ki pa t pote bon "fwi yo, e jete yo nan dife a.

27 Men gade, sèvitè a di l: An nou taye l, ranfòse l avèk tè e an nou nourì l yon ti jan pi lontan, petèt, li ta pote bon fwi pou ou, e w ap kapab ranmase pou sezon an.

28 Epi, se te konsa, mèt jaden an ak sèvitè mèt jaden an te nourì tout fwi ki nan jaden an.

29 Epi, se te konsa, apre anpil tan te fin pase, mèt jaden an di "sèvitè li a: Vini, an nou ale nan jaden an, pou nou kapab travay

nan jaden an ankò. Paske gade ^blè a ap pwoche, e "lafen ap rive talè konsa; se poutèt sa, m dwe ranmase fwi pou sezon an, pou tèt pa m.

30 Epi, se te konsa, mèt jaden an ak sèvitè a te desann nan jaden an; e yo t ale nan pyebwa ki te gen branch natirèl koupe ladan l, e yo te grefe branch mawon yo ladan l; e "tout kalite fwi te chaje pyebwa a.

31 Epi, se te konsa, mèt jaden an te goute nan fwi yo, li te goute chak kalite daprè kantite yo. Epi, mèt jaden an di: gade nou te nourì pyebwa a pandan tout tan sa a, e m te ranmase anpil fwi pou sezon an pou tèt pa m.

32 Men gade, fwa sa a, li te pote anpil fwi, e "yo youn pa bon. Epi gen tout kalite move fwi; e yo pa itil mwen anyen, malgre tout travay nou; kounyeya, sa fè m mal pou m ta pèdi pyebwa sa a.

33 Epi, mèt jaden an di sèvitè a: Kisa n ap fè avèk pyebwa a, pou m kapab prezève bon fwi yo pou tèt pa m ankò?

34 Epi, sèvitè a di mèt la: gade paske w te grefe branch pye oliv mawon yo, yo nourì rasin yo, yo vivan e yo pa t peri; se poutèt sa, gade, yo toujou bon.

35 Epi, se te konsa, mèt jaden an di sèvitè a: Pyebwa a pa itil mwen anyen, e rasin yo pa itil mwen anyen depi se move fwi yo pote.

36 Men, m konnen rasin yo

24a Ezek. 17:22–24;
Alma 16:17;
3 Ne. 15:21–24.
25a 1 Ne. 2:20.

b 3 Ne. 10:12–13.
26a Mat. 7:15–20;
Alma 5:36; D&A 97:7.
29a D&A 101:55; 103:21.

b GE Dènye jou yo.
c 2 Ne. 30:10; Jakòb 6:2.
30a GE Apostazi.
32a I—J 1:19.

bon, e m te konsève yo pou rezon pa m; e poutèt anpil fòs yo genyen, yo fè move branch yo pote bon fwi.

37 Men gade, branch yo te grandi, e yo te “pran fòs sou rasin yo; e poutèt move branch yo te pran fòs sou rasin yo, yo pote anpil move fwi; e poutèt yo pote anpil move fwi, ou wè li kòmanse peri; e talè konsa, li pral pouri pou l kapab ale nan dife, si nou pa fè anyen pou prezève l.

38 Epi, se te konsa, mèt jaden an di sèvitè li a: An nou desann nan kote ki pi ba nan jaden an, pou nou wè si branch natirèl yo pote move fwi tou.

39 Epi, se te konsa, yo te desann nan kote ki pi ba nan jaden an; e, se te konsa, yo wè fwi branch natirèl yo te vin kowonpi tou; wi, “premye, dezyèm ak twazyèm nan, epi tou dènye a; yo tout te vin kowonpi.

40 Epi, “move fwi dènye a te pran pye sou pati nan pyebwa a ki pote bon fwi yo, jistan branch yo te vin seche, e yo te mouri.

41 Epi, se te konsa, mèt jaden an te kriye, e li di sèvitè a: “Kisa m ta kapab fè plis pou jaden m nan?

42 Gade, m te konnen tout fwi nan jaden an t ap vin kowonpi, eksepte sa yo. Epi kounyeya, sa yo ki te pote bon fwi yo vin kowonpi tou; kounyeya, tout pyebwa nan jaden m nan pa sèvi anyen eksepte pou m ta rache yo voye jete nan dife.

43 Epi gade dènye sa, ki gen branch seche yo, m te plante l yon “bon kote nan jaden an, wi, yon kote m te chwasi pami tout lòt kote nan jaden m nan.

44 Epi, ou te wè m te “prepare bò tè sa a, pou m te kapab plante pyebwa sa a ladan l.

45 Epi, ou te wè, yon pati bay bon fwi, yon lòt pati bay move fwi; e poutèt m pa t koupe branch yo voye jete nan dife, yo pran pye sou bon branch yo, e yo seche.

46 Malgre tout swen nou te bay jaden m nan, pyebwa yo te vin kowonpi e yo pote move fwi; e m te espere prezève yo, pou m ranmase fwi yo pou sezon an, pou tè pa m. Men, yo te vin tan kou pye oliv mawon an, e yo pa itil anyen, eksepte pou yo ta “rache yo jete nan dife, e sa fè m mal pou m ta pèdi yo.

47 Men, kisa m ta kapab fè plis pou jaden m nan? Èske m te ralanti men m pou m pa t nouril? Non, m te nouril, m te ranfòse l avèk tè, m te taye l, m te ba l fimye; e m te “lonje men m prèske tout lajounen, e “lafen an ap pwoche. Epi, sa fè m mal pou m ta rache tout pyebwa nan jaden m nan, voye yo jete nan dife pou yo kapab boule. Kiyès ki te kòwonpi jaden m nan?

48 Epi, se te konsa, sèvitè a di mèt la: Èske se pa poutèt wotè pye rezen yo ki fè jaden w—branch yo pa t pran fòs sou bon rasin yo? Epi poutèt branch yo

37a D&A 45:28-30.

39a Jakòb 5:20, 23, 25.

40a Mòm. 6:6-18.

41a 2 Ne. 26:24.

43a 2 Ne. 1:5.

44a Etè 13:20-21.

46a 3 Ne. 27:11.

47a 2 Ne. 28:32;

Jakòb 6:4.

b GE Mond—Finisman mond lan.

te pran fòs sou rasin yo, yo te grandi pi vit pase fòs rasin yo, e yo te pran fòs la pou yo. M ap mande m si se pa rezon sa a ki te fè pyebwa jaden yo vin kòwonpi?

49 Epi, se te konsa, mèt jaden an di sèvitè a: Annou ale nan jaden an pou nou rache pyebwa yo pou jete yo nan dife, pou yo kapab pa pouri tè jaden m nan, paske m te fè tout sa m ta kapab. Kisa m ta kapab fè plis pou jaden m nan?

50 Men gade, sèvitè a di mèt jaden an: Epaye l yon ti jan “pi lontan.

51 Epi, mèt jaden an di: Wi, m ap epaye l yon ti jan pi lontan, paske sa fè m mal pou m ta pèdi pyebwa jaden m nan yo.

52 Se poutèt sa, an nou pran “branch nan sa m te plante kote pi ba nan jaden m nan, e an nou grefe yo nan pyebwa kote yo te sòti a; e an nou koupe branch ki bay fwi ki pi anmè nan pyebwa a pou nou grefe branch natirèl pyebwa a nan plas li.

53 Epi m pral fè sa pou pyebwa a kapab pa peri, petèt, pou m kapab prezève rasin yo pou rezon pa m.

54 Epi, rasin branch natirèl pyebwa m te plante kote lide m di m yo toujou vivan; se poutèt sa, pou m kapab prezève yo pou rezon pa m tou, m pral wete nan branch pyebwa sa a, e m pral “grefe yo ladan yo. Wi, m pral grefe branch manman an ladan yo, pou m kapab prezève rasin

yo pou tè pa m tou; lè yo vin ase fò, petèt yo kapab ban m bon fwi, e m kapab toujou glorifye m nan fwi jaden m nan.

55 Epi, se te konsa, yo te pran nan pyebwa natirèl ki te vin mawon yo, e yo grefe nan pyebwa natirèl ki te vin mawon yo tou.

56 Epi tou, yo te pran nan pyebwa natirèl ki te vin mawon yo, e yo te grefe nan manman yo.

57 Epi, mèt jaden an di sèvitè a: Pa koupe branch mawon ki nan pyebwa yo, eksepte sa ki pi anmè yo; e grefe ladan yo dapre jan mwen te di w la.

58 Epi, nou pral nourri pyebwa jaden yo ankò, nou pral taye branch yo; e nou pral koupe nan branch pyebwa ki te pouri yo, ki dwe peri, pou nou voye yo jete nan dife.

59 M fè sa, petèt, rasin yo kapab pran fòs poutèt yo bon; e poutèt chanjman branch yo, pou bon yo kapab pran fòs sou move yo.

60 Epi, poutèt m te prezève branch natirèl yo ak rasin yo, e paske m te grefe branch natirèl yo nan manman yo ankò, e m te prezève rasin manman yo, petèt, pyebwa jaden m yo kapab bay bon “fwi ankò; e m kapab pran plezi nan fwi jaden m nan ankò, e petèt, m kapab rejwi m anpil paske m te prezève rasin ak branch premye fwi a—

61 Se poutèt sa, al chèche “sèvitè yo, pou nou kapab ^btravay avèk dilijans, avèk fòs nou, nan jaden an, pou nou kapab prepare yon mwayen, pou m

50a Jakòb 5:27.
52a GE Izrayèl—
Rasanbleman

Izrayèl la.
54a 1 Ne. 15:12–16.
60a Eza. 27:6.

61a Jakòb 6:2;
D&A 24:19.
b D&A 39:11, 13, 17.

kapab bay fwi natirèl ankò, ki bon fwi, e ki gen plis valè pase tout lòt fwi.

62 Se poutèt sa, an nou al travay avèk fòs nou pou dènye fwa sa a, paske lè a ap pwoche, epi se dènye fwa m pral taye jaden m nan.

63 Grefe branch yo; kòmanse avèk "dènye yo pou yo kapab vin premye, pou premye yo kapab vin dènye, ranfòse pyebwa yo avèk tè, ni ansyen ak jèn yo, ni premye ak dènye; e dènye ak premye a, pou tout kapab nourri yo ankò pou dènye fwa a.

64 Se poutèt sa, ranfòse yo avèk tè, taye yo, e ba yo fimye ankò, pou yon dènye fwa, paske lafen ap pwoche. Epi si dènye grèf sa yo grandi, e yo bay fwi natirèl, lè sa a, w ap prepare mwayen pou yo grandi.

65 Epi, lè yo kòmanse grandi, wete branch ki bay fwi anmè yo, daprè fòs ak gwosè bon fwi yo; e pa "wete move yo yon sèl kou, pou rasin yo pa vin twò fò pou grèf yo, pou grèf yo pa peri, pou m pa pèdi pyebwa jaden m nan.

66 Paskè sa fè m mal pou m ta pèdi pyebwa ki nan jaden m yo; se poutèt sa, wete sa ki move yo tout tan sa ki bon yo ap grandi, pou rasin yo ak tèt la kapab gen menm fòs, jistan bon an pran fòs sou move a, pou move a kapab rache voye jete nan dife, pou yo pa ankonbre tè jaden m nan; e se konsa, m ap rache move a nan jaden m nan.

67 Epi, m pral grefe branch pyebwa natirèl la ankò, nan pyebwa natirèl la;

68 Epi, m pral grefe branch pyebwa natirèl yo nan branch natirèl pyebwa a; se konsa m ap reyini yo ankò, pou yo kapab bay fwi natirèl, e yo pral vin fè yon sèl.

69 Epi, m pral "jete sa ki move yo, wi, menm nan tout tè jaden m nan; paske gade, se sèlman fwa sa a m pral taye jaden m nan.

70 Epi, se te konsa, mèt jaden an voye "sèvitè li a; e sèvitè a ale, li fè daprè jan Senyè a te kòmande l, li te mennen lòt sèvitè; e yo pa t^banpil.

71 Epi, Senyè jaden an di yo: Ale, e "travay nan jaden an avèk fòs ou. Paskè gade se^b dènye fwa m ap nourri jaden m nan; paske fen an ap pwoche, e sezon an ap rive rapid; e si w travay avèk fòs ou avèk mwen, w ap gen^c lajwa nan fwi m pral ranmase pou tan ki pral vini talèkonsa a.

72 Epi, se te konsa, sèvitè yo t ale, e yo te travay avèk fòs yo; e mèt jaden an te travay avèk yo tou; e yo te obeyi kòmandman mèt jaden an nan tout bagay.

73 Epi, te kòmanse gen fwi natirèl nan jaden an ankò; e branch natirèl yo te kòmanse grandi, e yo te kòmanse bay anpil fwi; e yo te kòmanse koupe move branch yo voye jete; e yo te respekte rasin ak tèt yo menm longè daprè fòs yo.

74 Se konsa yo te travay avèk

63a 1 Ne. 13:42;
Ètè 13:10-12.

65a D&A 86:6-7.

69a 1 Ne. 22:15-17, 23;

2 Ne. 30:9-10.

70a D&A 101:55; 103:21.

b 1 Ne. 14:12.

71a Mat. 21:28;

Jakòb 6:2-3;

D&A 33:3-4.

b D&A 39:17; 43:28-30.

c D&A 18:10-16.

anpil dilijans dapre kòmandman Senyè jaden an, jistan yo te chase move yo deyò nan jaden an, e mèt jaden an te prezève pou tèt pa l, pyebwa ki te gen fwi natirèl yo, e yo te vin tounen “yon sèl; fwi yo te vin menm e mèt jaden an te prezève fwi natirèl yo pou tèt pa l, fwi yo ki te gen plis valè pou li yo depi nan kòmansman.

75 Epi, se te konsa, lè mèt jaden an te wè fwi yo te bon, e jaden li a pa t kòwonpi ankò, li te rele sèvitè li yo, e li te di yo: Gade, se pou dènye fwa nou te nourri jaden m nan; e nou wè, m te fè jan lide m te di m; e m te prezève fwi natirèl la, e li bon, menm jan l te ye nan kòmansman an. Nou “beni; paske nou te travay avèk dilijans avèk mwen nan jaden m nan, nou te respekte kòmandman m yo, ou te pote ^bbon fwi ban mwen, jaden m nan pa kòwonpi ankò, e nou te chase move yo, gade, nou pral gen lajwa avèk mwen akoz fwi jaden m yo.

76 Pou “anpil tan, m pral ranmase fwi jaden m yo pou tèt pa m, pou sezon an k ap vini rapid la; e m te nourri jaden m nan pou dènye fwa, m te taye l, m te ranfòse l avèk tè, e m te ba l fimye; se poutèt sa, m pral ranmase fwi poutèt pa m, pou lontan dapre jan m te pale a.

77 Epi, lè move fwi yo tounen nan jaden m nan ankò, lè sa a, m pral rasanble bon ak move; m pral prezève bon yo pou tèt pa m, e m pral voye move yo jete nan plas yo. Lè sa a, “sezon an ak lafen an pral vini; e m pral fè ^bboule jaden m nan avèk dife.

CHAPIT 6

Senyè a pral restore Izrayèl nan dènye jou yo—Mond lan pral boule ak dife—Lèzòm dwe suiv Kris la pou yo kapab evite lak dife ak souf la. Anviwon 544-421 AN-VAN JEZIKRI.

EPI gade, frè m yo, kòm m te di nou m ta pral pwofetize, men pwofesi m nan—Bagay pwofèt “Zenòs te pale konsènan kay Izrayèl la, lè l te konpare l avèk yon bon pye oliv la, bagay sa yo dwe rive sètènman.

2 Epi lejou li lonje men l yon dezyèm fwa pou l “restore pèp li a, se jou sa a, wi, menm dènye fwa ^bsèvitè Senyè a yo prale avèk ‘pouvwa li, pou yo ^anouri e pou yo taye “jaden li a; e apre sa, ^llafen an pral rive talèkonsa.

3 Moun ki travay nan jaden li a avèk dilijans, yo beni anpil; e moun yo chase nan kote pa yo a, yo modi anpil! Epi mond lan pral ^aboule ak dife.

4 Epi, ala Bondye nou an gen anpil mizèrikòd pou nou, paske

74a D&A 38:27.

75a 1 Ne. 13:37.

b GE Izrayèl.

76a 1 Ne. 22:24-26.

GE Milenyòm.

77a Apok. 20:2-10;

D&A 29:22-24;

43:29-33; 88:110-116.

b GE Mond—Finisman

mond lan.

6 1a Jakòb 5:1.

2a 1 Ne. 22:10-12;

D&A 110:11.

GE Retablisman

levanjil la.

b Jakòb 5:61.

c 1 Ne. 14:14.

d Jakòb 5:71.

e GE Jaden Senyè a.

f 2 Ne. 30:10.

3a 2 Ne. 27:2;

Jakòb 5:77;

3 Ne. 25:1.

li sonje kay ^aIzrayèl la, ni rasin ak branch yo; li lonje ^bmen l ba yo tout la jounen; men se yon ^cpèp ki gen kou rèd epi ki kontradiktè; sependan, tout moun ki pa fè kè yo di, yo pral sove nan wayòm Bondye a.

5 Se poutèt sa, frè byenneme m yo, m priye nou avèk pawòl serye pou nou ta repanti, pou vini avèk yon kè ki sensè e pou nou ^akole ak Bondye, menm jan li kole ak nou an. Epi, pandan ^bbra mizèrikòd li louvri ba nou pandan li fè jou a, pa fè kè nou di.

6 Wi, jodi a, si nou tande vwa li, pa fè kè nou di; paske, poukisa pou nou ^amouri?

7 Paske gade, apre nou fin nourri ak bon pawòl Bondye a tout jounen an, èske nou vle bay move fwi, pou l kapab ^akoupe nou voye n jete nan dife?

8 Gade, èske nou rejte pawòl sa yo? Èske n ap rejte pawòl pwofèt yo; e èske n ap rejte tout pawòl ki te pale konsènan Kris la, apre tout moun sa yo te fin pale konsènan li; epi nye bon pawòl Kris la, ak pouvwa Bondye a, ak ^adon Sentespri a, èske n ap toufe Lespri Sen an, ak gwo plan redanmsyon ki te fèt pou nou an?

9 Èske nou pa konnen, si nou fè bagay sa yo, pouvwa redanmsyon ak rezirèksyon ki nan Kris

la ap mennen nou kanpe ak la-wont, epi ak ^aremò terib devan ^btribinal Bondye a?

10 Epi daprè pouvwa ^alajistis la, paske pèsonn pa kapab nye lajistis, ou dwe ale nan ^blak dife ak souf ki gen flanm ki p ap janm etenn yo, ak lafimen ki pral monte pou tout tan an; lak dife ak souf sa a, ki se ^ctouman san ^dfinisman an.

11 Kounyeya, frè byenneme m yo, repanti, epi antre nan ^apòt etwat la, e kontinye nan wout ki kwense a jistan nou gen lavi etènèl.

12 O, sa a se ^alasajès; kisa m kapab di anplis?

13 Finalman, m di nou orevwa jistan m rankontre nou devan bèl tribinal plezan Bondye a, tribinal sa a ki frape mechan yo avèk ^alaperèz epi avèk lakrent terib. Amèn.

CHAPIT 7

Cherèm nye Kris la, li goumen ak Jakòb, li mande yon siy, epi Bondye chatye l—Tout pwofèt yo te pale konsènan Kris la ak Ekspyasyon Li a—Nefit yo viv tankou nomad, yo fèt nan tribilasyon, epi Lamanit yo rayi yo. Anviwon 544-421 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, apre kèk ane te fin pase, yon nonm ki rele Cherèm te vini nan pami pèp Nefi a.

4a 2 Sam. 7:24.

b Jakòb 5:47.

c Mozya 13:29.

5a GE Inite.

b Alma 5:33-34;

3 Ne. 9:14.

6a Ezek. 18:21-23.

7a Alma 5:51-52;

3 Ne. 27:11-12.

8a GE Don Sentespri.

9a Mozya 15:26.

GE Remò.

b GE Jijman, Dènnye a.

10a GE Jistis.

b 2 Ne. 28:23.

GE Lanfè.

c GE Danasyon, dane.

d D&A 19:10-12.

11a 2 Ne. 9:41.

12a Mòm. 9:28.

13a Alma 40:14.

2 Epi, se te konsa, li te kòmanse preche nan pami pèp la e li te deklare yo p ap gen okenn Kris. Epi li te preche anpil bagay pou flate pèp la; e li te fè sa pou l te kapab detwi doktrin Kris la.

3 Epi, li te travay avèk dilijans pou l te ka detounen kè pèp la, jiskaske l te detounen anpil kè; e paske li te konnen, mwen menm Jakòb, m te gen lafwa nan Kris ki gen pou l vini an, li te chèche anpil okazyon pou l kapab rankontre m.

4 Epi, li te save, li te gen yon konesans pafè nan lang pèp la; se poutèt sa, li te kapab itilize anpil flatri ak pouvwa pawòl konvenkan, dapre pouvwa dyab la.

5 Epi, li te espere ebranle m, malgre anpil "revelasyon ak anpil bagay m te wè konsènan bagay sa yo; paske gade, m te wè zanj yo, e yo te pale avèk mwen. Epi tanzantan, m te tande vwa Senyè a pale avèk mwen avèk pawòl ki reyèl; se poutèt sa, li pa t kapab ebranle m.

6 Epi, se te konsa, li te vin jwenn mwen, epi li te pale avèk mwen konsa, li te di: Frè Jakòb, m te chèche anpil okazyon pou m te kapab pale avè w; paske m tande e m konnen ou mache toupatou, pou w pou preche sa w rele levanjil oswa doktrin Kris la.

7 Epi ou egare anpil moun nan

pami pèp la, ou fè yo kite bon chemen Bondye a, e yo "pa respekte lalwa Moyiz la, ki se bon chemen an; e w vire lalwa Moyiz la pou w adore yon èt ou di ki pral vini nan plizyè santèn ane. Epi kounyeya gade, mwen menm Cherèm, m deklare w sa a se yon blasfèm; paske pa gen okenn moun ki konn bagay konsa; paske li ^bpa kapab pale konsènan bagay ki gen pou rive. Epi se konsa Cherèm te lite kont mwen.

8 Men gade, Senyè Bondye a te tèlman devèsè "Lespri l sou mwen, m te konfonn li nan tout pawòl li yo.

9 Epi, m te di l: Èske w nye Kris la ki pral vini an? Epi, li te di: Si ta gen yon Kris ki egziste, m pa t ap nye l; men, m konnen pa gen okenn Kris, pa t janm gen youn ni p ap janm gen youn.

10 Epi, m te di l: Èske w kwè ekriti yo? Epi, li di, Wi.

11 Epi, m di l: Enben, ou pa konprann yo; paske yo reyèlman temwaye konsènan Kris la. M di w, pa gen yon pwofèt ki ekri, ni "pwofetize san yo pa t pale konsènan Kris sa a.

12 Epi, se pa sa sèlman—m te resevwa manifestasyon, paske m te tande, m te wè; e "pouvwa Sentespri a te manifeste l ban mwen; se poutèt sa, m konnen, si okenn ekspyasyon pa t fèt, tout limanite t ap ^bpèdi.

13 Epi, se te konsa, li te di m:

7 5a 2 Ne. 11:3;

Jakòb 2:11.

7a Jakòb 4:5.

b Alma 30:13.

8a GE Enspirasyon,
enspire.

11a Apok. 19:10;

1 Ne. 10:5;

Jakòb 4:4;

Mozya 13:33-35;

D&A 20:26.

GE Jezikri.

12a GE Bondye,

Divinite—Bondye,

Sentespri a;

Sentespri.

b 2 Ne. 2:21.

Montre m yon “siy pa pouvwa Sentespri a ou konnen tèlman an.

14 Epi, m te di l: Kisa m ye pou m ta tante Bondye, pou l ta ba w yon siy sou bagay ou konnen ki “vre yo? Malgre sa, ou t ap nye l, paske se ^bdyab la ki voye w. Men, se pa volonte pa m; men si Bondye frape w, sa pral sèvi yon siy pou montre w li gen pouvwa, ni nan syèl ak sou tè a; epi tou Kris la pral vini. Epi, O Senyè, se pou volonte w fèt, non pa volonte pa m.

15 Epi, se te konsa, lè mwen menm Jakòb, m te fin pale pawòl sa yo, pouvwa Senyè a te sitèlman desann sou li, ke l te tonbe atè a. Epi, se te konsa, yo te pran swen l pandan anpil jou.

16 Epi, se te konsa, li te di pèp la: Rasanble ansanm demen, paske m pral mouri; se poutèt sa, m vle pale avèk nou anvan m mouri.

17 Epi, se te konsa, nan demen, anpil moun te rasanble ansanm; e li te pale avèk yo klè, epi li te nye bagay li te preche yo, li te fè konfesyon konsènan Kris la, ak pouvwa Sentespri a, ak ministè zanj yo.

18 Epi, li te pale avèk yo klè pou l fè yo “konnen pouvwa ^bdyab la te twonpe l. Epi, li te pale konsènan lanfè, ak letènite, ak pinisyon etènèl.

19 Epi, li te di: M pè pou m pa t fè “peche enpadonab la, paske m

te bay Bondye manti; paske m te nye Kris la, e m te di, m te kwè nan ekriti yo; e yo rann temwayaj konsènan li reyèlman. Epi paske m te bay Bondye manti konsa, m pè anpil pou ka m pa ^bgrav; men m konfese devan Bondye.

20 Epi, se te konsa, lè l te fin di pawòl sa yo, li pa t kapab pale plis, e li te “rann souf li.

21 Epi, lè anpil anpil moun yo te wè l te pale pawòl sa yo, pandan li ta pral rann souf li a, yo te etone anpil; tèlman, pouvwa Bondye a te desann sou yo, yo te “febli, yo te tonbe atè a.

22 Kounyea bagay sa a te fè m plèzi, mwen menm Jakòb, paske m te mande Papa m ki nan syèl la; e li te tande siplikasyon m, epi li te reponn priyè m.

23 Epi, se te konsa, lapè ak lanmou Bondye te restore nan pami pèp la ankò; e yo te “fouye ekriti yo, e yo pa t koute pawòl nonm mechan sa a ankò.

24 Epi, se te konsa, anpil mwanyen te fèt pou “refòme e pou restore Lamanit yo nan konesans verite a; men, se te ^banven, paske yo te pran plezi nan ^clagè ak ^dmasak, e yo te gen yon ^erayiman etènèl kont noumenm, frè yo. Epi, avèk pouvwa zam yo genyen, yo te chèche tout tan pou detwi nou.

25 Se poutèt sa, pèp Nefi a te fòtifeye l kont yo avèk zam pa

13a Mat. 16:1–4;
Alma 30:43–60.
GE Siy.

14a Alma 30:41–42.
b Alma 30:53.

18a Alma 30:53.
GE Twonpe, twonpri.

b GE Dyab.
19a GE Peche enpadonab.
b Mozya 15:26.

20a Jer. 28:15–17.
21a Alma 19:6.
23a Alma 17:2.
24a Enòs 1:20.

b Enòs 1:14.
c Mozya 10:11–18.
d Jawòm 1:6;
Alma 26:23–25.
e 2 Ne. 5:1–3;
Mozya 28:2.

yo, avèk tout pouvwa yo, yo te kwè nan Bondye ki se “wòch sali yo a; se poutèt sa, yo te vin gen viktwa sou ènmi yo.

26 Epi, se te konsa, mwen menm Jakòb, m te kòmanse vyeyi; e rejis pèp sa a te sere sou “lòt plak Nefi yo, se poutèt sa, m fini rejis sa a, m fè konnen m te ekri daprè konesans pa m, m vle di konsa, tan an te pase, e ^blavi nou te pase tankou yon rèv, nou menm ki izole, ki se yon pèp ki tris, yon pèp nomad, yo te chase nan Jerizalèm, ki fèt nan tribilasyon, nan yon dezè, e frè nou

yo rayi nou, sa ki te lakòz lagè ak chirepit; se poutèt sa, nou te pase lavi nou nan tristès.

27 Epi, mwen menm Jakòb, m te wè m dwe desann nan tonm mwen talèkansa; se poutèt sa, m te di “Enòs, pitit gason m nan: Pran plak sa yo. Epi m te di l bagay Nefi, frè m nan, te ^bkòmande m yo, e li te pwomèt obeyisans nan kòmandman yo. Epi, m sispann ekri sou plak sa yo, ekriti yo pa t anpil; m di moun k ap li yo orevwa, m swete anpil nan frè m yo li pawòl mwen yo. Frè m yo, orevwa.

LIV ENÒS LA

Enòs priye avèk fòs e li jwenn padon pou peche l yo—Vwa Senyè a vini nan pansè l pou l pwomèt sali pou Lamanit yo nan yon jou k ap vini—Nefit yo vle epaye Lamanit yo—Enòs rejwi nan Redanmtè li a. Anviwon 420 ANVAN JEZIKRI.

GADE, mwen menm ^aEnòs, m konnen papa m ^bte yon nonm ki jis—paske li te ^cpreche m nan lang li, e nan ^dnouriti ak avètisman Senyè a—e se pou non Bondye m nan beni poutèt sa—

2 Epi m pral pale nou konsènan ^aefò m devan Bondye, an-

van m te jwenn ^bpadon pou peche m yo.

3 Gade, m t ale lachas dèyè bèt nan forè a; e pawòl yo m te konn tande papa m pale avèk mwen konsènan lavi etènèl la, ak ^alajwa sen yo, yo te ^bplonje fon nan kè m.

4 Epi nanm mwen te ^agrangou; e m te ^bajenou devan Kreyatè m nan, e m te ^ckriye nan pye l nan gwo priyè ak siplikasyon pou nanm mwen; e m te kriye nan pye l tout lajounen; wi, lè l te nan nuit m te toujou leve vwa m wo jistan l te touche syèl la.

25a GE Wòch.

26a 1 Ne. 19:1-6;
Jawòm 1:14-15.
GE Plak.

b Jak 4:14.

27a Enòs 1:1.

b Jakòb 1:1-4.

[Enòs]

1 1a GE Enòs, pitit
gason Jakòb.

b 2 Ne. 2:2-4.

c 1 Ne. 1:1-2.

d Efe. 6:4.

2a Jen. 32:24-32;

Alma 8:10.

GE Repantans,

repanti.

b GE Remisyon
peche yo.

3a GE Jwa.

b 1 Ne. 10:17-19;

Alma 36:17-21.

4a 2 Ne. 9:51; 3 Ne. 12:6.

b GE Reverans.

c GE Priyè.

5 Epi yon ^avwa te pale avèk mwen, li di: Enòs, peche w yo padone, e w pral beni.

6 Epi mwen menm Enòs, m te konnen Bondye pat kapab bay manti; se poutèt sa, kilpabilite m nan te efase.

7 Epi m te di: Senyè a, kòman sa fè fèt?

8 Epi li te di m: Se gras ak ^alafwa w nan Kris la, ke w pa t janm tande ni wè anvan sa. Epi anpil ane pase anvan li prezante tèt li nan kò fizik la; se poutèt sa, ou mèt ale, lafwa w te ^bgeri w.

9 Paske, se te konsa, kounyeya, lè m te tande pawòl sa yo, m te kòmanse ^avle byennèt frè m yo, Nefit yo; se poutèt sa, m te ^bdegaje tout nanm mwen devan Bondye pou yo.

10 Epi pandan m t ap lite nan lespri a konsa, gade, vwa Senyè a te vini nan ^apanse m ankò, li di: M ap vizite frè w yo dapè dilijans yo nan respekte kòmandman m yo. M ^bba yo tè sa a, e se yon tè sen; e m p ap ^cmodi l, eksepte poutèt inikite; se poutèt sa, m ap vizite frè w yo jan m di a; epi m ap lage transgresyon yo avèk tristès sou tèt yo.

11 Epi, apre mwen menm Enòs, m te fin tande pawòl sa yo, lafwa m te kòmanse vin djanm nan Senyè a; epi m te priye l

avèk anpil fòs pou frè m yo, Lamanit yo.

12 E, se te konsa, apre m te fin ^apriye e apre m te fin travay avèk tout dilijans, Senyè a te di m: M pral akòde w sa w ^bvle a, poutèt lafwa w.

13 Epi kounyeya, gade, men sa m te vle nan men l—pou si pèp mwen an, Nefit yo, ta tonbe nan transgresyon, epi si nenpòt fason yo ta ^adetwi, epi Lamanit yo pa t detwi, pou Senyè Bondye a ta ^bprezève rejis pèp mwen an, Nefit yo; menm si se ta avèk pou vwa ponyèt sen li, pou l ta fè Lamanit yo ^cfwenn rejis yo nan lavni, pou, petèt yo ta ^akapab sove—

14 Paske, pou kounyeya, efò nou te fè pou nou ta restore yo nan vrè lafwa a te ^aanven. Epi yo te sèman nan kòlè yo, pou yo ^bdetwi nou ak rejis nou yo, ak tout tradisyon zansèt nou yo tou, si sa ta posib.

15 Se poutèt sa, paske m te konnen Senyè Bondye a te kapab ^aprezève rejis nou yo, m te kriye nan pye l tout tan, paske li te di m: Nenpòt bagay ou mande ak lafwa, si w kwè w ap resevwa nan non Kris la, w ap resevwa l.

16 M te gen lafwa, epi m te kriye nan pye Bondye pou l kapab ^aprezève ^brejis yo; e li te fè

5a GE Revelasyon.

8a Etè 3:12–13.

GE Lafwa.

b Mat. 9:22.

9a 1 Ne. 8:12;

Alma 36:24.

b 2 Ne. 33:3;

P—M 1:8;

Alma 34:26–27.

10a GE Enspirasyon,

enspire;

Panse (lespri).

b 1 Ne. 2:20.

c Etè 2:7–12.

12a Mòm. 5:21; 9:36.

b Sòm 37:4;

1 Ne. 7:12;

Ela. 10:5.

13a Mòm. 6:1, 6.

b P—M 1:6–11;

Alma 37:2.

c Alma 37:19;

Etè 12:22;

D&A 3:18.

d Alma 9:17.

14a Jakòb 7:24.

b Mòm. 6:6.

15a GE Ekriti yo—Ekriti

ki dwe prezève.

16a 3 Ne. 5:13–15;

D&A 3:19–20;

10:46–50.

b GE Liv Mòm.

alyans avèk mwen pou l ‘voye yo bay Lamanit yo, lè tan an rive.

17 Epi mwen menm Enòs, m te konnen sa t ap fèt daprè alyans li te fè a; se poutèt sa, nanm mwen te trankil.

18 Epi Senyè a te di m: Zan-sèt ou yo te mande m bagay sa a tou; e sa pral fèt pou yo daprè lafwa yo; paske lafwa yo tankou pa w.

19 Epi, se te konsa, kounyeya, mwen menm Enòs, m t ale nan pami pèp Nefi a, m te pwofetize bagay ki gen pou rive yo, epi m te temwaye bagay m te tandè ak wè.

20 Epi m rann temwayaj pèp Nefi a te chèche avèk dilijans pou retabli Lamanit yo nan vrè lafwa Bondye a. Men “travay nou te san rezilta; rayiman yo te genyen an te solid, e akoz move santiman natirèl ki te pouse yo, yo te vin yon pèp sovaj, fewòs, epi yon ^bpèp sanginè, ranpli avèk ‘idolatri, ak salte; ki manje bèt ki kanivò; ki rete anba tant, e ki egare nan dezè a avèk yon bout po bèt mare nan ren yo, e ak tèt yo kale; e konesans yo te nan ^dflèch, ak epe, ak rach. Epi anpil moun ladan yo te konn manje vyann kri sèlman; e yo te chèche pou yo detwi nou nètalkole.

21 Epi, se te konsa, pèp Nefi a te kiltive tè a, e yo te “plante tout kalite grenn, ak fwi, ak gwoup

bèt, ak tout kalite gwoup bèt, ak tout kalite bèf, ak kabrit, ak kabrit mawon, e ak anpil cheval tou.

22 Epi te gen anpil “pwofèt nan pami nou. Epi pèp la te yon ^bpèp ki te gen tèt di, ki te difisil pou l konprann.

23 Epi pa t gen anyen eksepte “bitalite, ^bpredikasyon ak pwofesi konsènan lagè, ak chire-pit, ak destriksyon, e ‘raple yo lanmò tout tan, ak longè letènite, ak jijman ak pouvwa Bondye, ak tout bagay sa yo—ki te kapab souke yo ^dnètalkole pou respekte yo nan lakrent Senyè a. M di, pa t gen anyen eksepte bagay sa yo, ak anpil gwo predikasyon klè, ki pou anpeche yo desann rapid nan destriksyon. Epi se konsa m ekri konsènan yo.

24 Epi m te wè lagè nan pami Lamanit ak Nefit yo pandan jou m t ap viv yo.

25 Epi, se te konsa, m te kòmanse vyeyi, e san swasann-diznèf ane te pase depi lè Leyi, papa nou, te “kite Jerizalèm.

26 Epi m te wè m dwe desann nan tonm mwen talèkonsa, pou vwa Bondye te egzije m pou m preche, pou m pwofetize devan pèp sa a pou m deklare pawòl la daprè verite ki nan Kris la. Epi m te deklare l tout jou nan vi m yo, e m te rejwi m ladan l plis pase nan mond lan.

27 Epi talèkonsa, m prale nan kote pou m ^arepoze m nan, ki vle

16c 2 Ne. 27:6.
20a Mowo. 9:6.
b Jawòm 1:6.
c Mozya 9:12.
GE Idolatri.
d Mozya 10:8.

21a Mozya 9:9.
22a P—M 1:16–18.
b Jawòm 1:3.
23a 1 Ne. 16:2;
2 Ne. 33:5.
b GE Preche.

c Ela. 12:3.
d Jawòm 1:12;
Alma 31:5.
25a 1 Ne. 2:2–4.
27a GE Repo.

di avèk Redanmtè m nan; paske m konnen m pral repoze m nan bra li. Epi m rejwi pou jou kote ^bmòtalite m pral ^cimòtalite a, pou m kanpe devan l; lè sa a m pral

wè figi l ak kè kontan e li pral di m: Vin jwenn mwen, ou menm ki beni, gen yon kote ki prepare pou ou nan ^dkay Papa m yo. Amèn.

LIV JAWÒM NAN

Nefit kenbe lwa Moyiz la, y ap rete tann aparisyon Kris la, epi yo pwospere nan peyi a—Anpil pwofèt travay pou kenbe pèp la nan chemen verite a. Anviwon 399–361 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA gade, mwen mwenm Jawòm, m ekri kèk pawòl dapre kòmandman papa m, Enòs, pou nou kapab konsève ^ajenyaloji nou.

2 Epi kòm ^aplak sa yo ^bpiti, e kòm bagay sa yo ^cekri nan entansyon pou benefisyè frè nou yo, ^dLamanit yo, se poutèt sa, li nesesè pou m ekri yon ti kras; men m p ap ekri pwofesi ni revelasyon pa m. Paske, ki sa m ta kapab ekri plis pase sa zansèt mwen yo te ekri? Èske yo pa t revele plan sali a? M di nou, wi; e sa sifi pou mwen.

3 Gade, li nesesè pou anpil bagay fèt nan pami pèp sa a, poutèt kè yo ki di, ak zòrèy yo ki bouche, ak panse yo ki avèg,

ak kou yo ki ^arèd; men, Bondye gen anpil mizèrikòd pou yo, e li poko ^befase yo sou sifas tè a.

4 Epi, gen anpil moun nan pami nou ki gen anpil ^arevelasyon, paske se pa yo tout ki gen kou rèd. Epi, tout moun ki pa gen kou rèd e ki gen lafwa, gen ^bkominyon avèk Lespri Sen an, ki manifeste nan pami pitit lèzòm, dapre lafwa yo.

5 Epi kounyeya a, desan ane fin pase, e pèp Nefi a te devlope anpil nan peyi a. Yo te eseye ^arespekte lalwa Moyiz yo, e yo te eseye sanktifye ^bjou saba a devan Senyè a. Yo pa t ^cpwofane; ni tou yo pa t ^dblasfème. Epi lalwa peyi a te sevè anpil.

6 Epi, yo te dispèse nan anpil kote sou sifas tè a, Lamanit yo tou. Epi, yo te plis anpil pase Nefit yo; yo te renmen ^atouye moun e yo te bwè san bèt.

7 Epi, se te konsa, yo te vini anpil fwa kont nou menm, Nefit yo, pou batay. Men ^awa nou yo

27b GE Mòtalite, mòtèl.
c GE Imòtalite, imòtèl.
d Jan 14:2-3;
Etè 12:32-34;
D&A 72:4; 98:18.

b 1 Ne. 6.
c GE Ekriti yo—
Valè ekriti yo.
d 2 Ne. 27:6; Mòm. 5:12.
3a Enòs 1:22-23.
b Etè 2:8-10.
4a Alma 26:22; Ela. 11:23;
D&A 107:18-19.
GE Revelasyon.

b GE Sentespri.
5a 2 Ne. 25:24;
Alma 34:13-14.
b Egz. 35:2.
GE Jou Saba.
c GE Pwofanasyon.
d GE Blasfèm, blasfème.
6a Jakòb 7:24; Enòs 1:20.
7a Jakòb 1:9, 11, 15.

[JAWÒM]

1 1a 1 Ne. 3:12; 5:14.

2a Jakòb 3:14; Omni 1:1.

ak dirijan nou yo te nonm fò nan lafwa Senyè a; e yo te preche pèp la zafè Senyè a; se poutèt sa, nou te reziste kont Lamanit yo e nou te chase yo soti sou ^btè nou yo, epi nou te kòmanse fòtifye vil nou yo, oubyen nenpòt nan kote nou te eritye yo.

8 Nou te multipliyè anpil, nou te gaye sou sifas tè a, e nou te vin rich anpil avèk lò, ak lajan, ak bagay presye yo, e avèk bon travay an bwa, ak bilding yo, epi avèk machinri, e tou avèk fè, ak kwiv, ak eren, ak asye, e nou te fabrike tout kalite zouti ki fèt tout jan pou nou kiltive tè a, nou te fè “zam pou lagè—wi, flèch wenti, ak bwat flèch, ak pik, ak lans, ak tout preparasyon pou lagè.

9 Epi, se konsa nou te prepare pou rankontre Lamanit yo, yo pa t pwospere kont nou. Men, pawòl Senyè te pale avèk zansèt nou yo te verifye, lè l te di: Depi nou respekte kòmandman m yo, n ap pwospere nan peyi a.

10 Epi, se te konsa, pwofèt Senyè a yo te menase pèp Nefi a, dapre pawòl Bondye, si yo pa respekte kòmandman yo, si yo

tonbe nan transgresyon, y ap “detwi sou sifas tè a.

11 Se poutèt sa, pwofèt yo, ak prèt yo, ak enstriktè yo, yo te travay avèk dilijans, yo te egzòte pèp la avèk rezistans pou yo gen dilijans; yo te preche yo “lalwa Moyiz la, ak rezon yo te resevwa l la; yo te konvenk yo pou yo ^bret tann Mesi a, e pou yo kwè nan li “kòm si li te deja la. Se konsa yo te preche pèp la.

12 Epi, se te konsa, nan fè konsa, yo te ede pèp la pou l pa t “detwi sou sifas tè a; paske yo te ^bpèsè kè yo avèk pawòl la, epi yo te ramne yo toutan nan repantans.

13 Epi, se te konsa, desantrantiywit ane te fin pase—nan lagè, ak chirepit, ak disansyon, pandan prèske tout tan an.

14 Epi, mwen menm Jawòm, m p ap ekri plis, paske plak yo piti. Men, frè m yo, nou kapab ale nan “lòt plak Nefi yo; paske istwa lagè nou yo ekri sou yo, dapre ekriti wa yo, oubyen moun wa yo te fè ekri.

15 Epi, m remèt plak sa yo nan men pitit gason m nan, Omni, pou l kapab konsève yo dapre “kòmandman zansèt mwen yo.

LIV OMNI AN

Omni, Amawon, Kemich, Abinadòm, ak Amaleki, yo chak, youn apre lòt respekte rejis yo—Mozya

dekouvri pèp Zarayemla a, ki te sòti Jerizalèm nan epòk Sedesyas—Yo tabli Mozya wa nan pami

7b P—M 1:14.

8a Mozya 10:8.

10a 1 Ne. 12:19–20;

Omni 1:5.

11a Jakòb 4:5;

Alma 25:15–16.

b 2 Ne. 11:4;

Etè 12:18–19.

c 2 Ne. 25:24–27;

Mozya 3:13; 16:6.

12a Etè 2:10.

b Alma 31:5.

14a 1 Ne. 9:2–4.

15a Jakòb 1:1–4.

yo—Desandan Melèk yo ki nan Zarayemla a te dekouvri Koryantoumr, ki se dènye Jaredit la—Wa Benjamen ranplase Mozya—Lèzòm ta dwe ofri nanm yo bay Kris la kòm yon sakrifis. Anviwon 323-130 ANVAN JEZIKRI.

GADE, se te konsa, mwen menm Omni, m te resevwa kòmandman nan men papa m, Jawòm, pou m ekri yon ti kras sou plak sa yo, pou m prezève jeyaloji nou—

2 Se poutèt sa, nan jou pa m yo, m ta renmen nou konnen m te goumen anpil avèk epe, pou m pwoteje pèp mwen an, Nefit yo, pou yo pa tonbe nan men ènmi yo, Lamanit yo. Men, mwen menm poutèt pa m, m se yon nonm mechan, e m pa t respekte regleman ak kòmandman Senyè a yo jan m ta dwe fè.

3 Epi, se te konsa, desanswasansèz ane te fin pase, nou te gen anpil sezon nan lapè; e nou te gen anpil sezon nan gwo lagè ak masak. Wi, alafen, desankatrevende ane te fin pase, e m te respekte plak sa yo dapre “kòmandman zansèt mwen yo; m te pase yo bay pitit gason m nan, Amawon. Epi m fini.

4 Epi kounyeya, mwen menm Amawon, m ekri bagay m ekri yo, ki pa anpil, nan liv papa m nan.

5 Gade, se te konsa, twasanven ane te fin pase, epi pati ki te pi mechan nan pami Nefit yo te “detwi.

6 Paske Senyè a pa t ap kite pou, apre li te fin dirije yo sòti

nan peyi Jerizalèm nan, e apre li te fin respekte e prezève yo, pou yo pa tonbe nan men ènmi yo, wi, li pa t ap kite pawòl li te di zansèt yo pa verifye, lè li te di: Toutotan nou pa respekte kòmandman m yo, nou p ap pwosperere nan peyi a.

7 Se poutèt sa, Senyè a te vizite yo avèk gwo jijman; men, li te epaye moun ki jis yo pou yo pa peri, li te delivre yo soti anba men ènmi yo.

8 Epi, se te konsa, m te remèt plak yo nan men Kemich, frè m, nan.

9 Kounyeya, mwen menm Kemich, m ekri kèk bagay m ekri a, nan menm liv avèk frè m nan; paske, m te wè dènye bagay li te ekri a, li te ekri l avèk men pa l; e li te ekri l menm jou li te remèt mwen rejis yo. Se konsa nou respekte rejis yo, paske se dapre kòmandman zansèt nou yo. Epi m fini.

10 Gade mwen menm Abinadòm, m se pitit gason Kemich. M te wè anpil lagè ak chirepit nan pami pèp mwen an, Nefit yo, ak Lamanit yo; e mwen menm, avèk epe pa m, m te wete lavi anpil Lamanit pou m te defann frè m yo.

11 Epi gade, rejis pèp sa a ekri sou plak ki pase nan men wa yo, yon jenerasyon apre lòt; e m pa konnen okenn revelasyon eksepte sa ki te ekri yo, ni tou, m pa konnen pwofesi; se poutèt sa, bagay ki nesesè yo te deja ekri. Epi m fini.

12 Gade m se Amaleki, pitit gason Abinadòm nan. Gade m

pral pale avèk nou yon jan konsènan Mozya, yo te lonmen wa nan peyi Zarayemla a; Senyè a te avèti l pou l sove kite peyi “Nefi a, e tout moun ki ta vle koute vwa Senyè a dwe ^bpati kite peyi a avèk li, nan dezè a tou—

13 Epi, se te konsa, li te fè jan Senyè a te kòmande l la. Epi tout moun ki te vle koute vwa Senyè a, yo te pati sòti kite peyi a yo t ale nan dezè a; e yo te gen anpil predikasyon ak pwofesi pou dirije yo. Pawòl Bondye te avèti yo tout tan, e pouvwa ponyèt li te dirije yo nan dezè a jistan yo te desann nan peyi ki rele Zarayemla.

14 Epi, yo te dekouvri yon pèp, ki rele pèp “Zarayemla. Kounyeya te gen anpil rejwisans nan pami pèp Zarayemla a; e Zarayemla te rejwi anpil tou, paske Senyè a te voye pèp Mozya a avèk ^bplakderen yo ki gen istwa Juif yo.

15 Gade, se te konsa, Mozya te dekouvri ^apèp Zarayemla a te soti nan Jerizalèm, nan epòk Babilonyen yo te transpòte ^bSedesyas, wa Jida a, nan kaptivite nan Babilòn.

16 Epi yo te vwayaje nan dezè a, e men Senyè a te travèse yo nan lanmè a, sou tè kote Mozya te dekouvri yo a; e yo te rete la, depi lè sa a.

17 Epi, lè Mozya te dekouvri yo

a, kantite yo te vin ogmante anpil. Men, yo te fè anpil lagè ak anpil gwo kontansyon, e yo te tonbe anba epe tanzantan; e langaj yo te vin kowonpi; e yo pa t pote okenn ^arejis avèk yo; yo te nye egzistans Kreyatè yo a, e ni Mozya, ak pèp Mozya a pa t kapab konprann yo.

18 Men, se te konsa, Mozya te fè yo aprann langaj pa li a. Epi, se te konsa, lè yo te fin aprann langaj pa Mozya a, Zarayemla te rakonte jeneyaloji zansèt li yo, dapre memwa li; e yo te ekri l, men pa sou plak sa yo.

19 Epi, se te konsa, pèp Zarayemla a, ak pèp Mozya a, te ^areyini ansanm; yo te nonmen ^bMozya wa yo.

20 Epi, se te konsa, nan epòk Mozya a, yo te pote yon gwo wòch bay Mozya ki te gen ekriti sou li; e li te ^aentèprete ekriti yo avèk don e avèk pouvwa Bondye.

21 Epi, yo te rakonte istwa yon nonm ki te rele ^aKoryantoumr, ak pèp li ki te masakre. Pèp Zarayemla te dekouvri Koryantoumr; e li te rete avèk yo pandan nèt lalin.

22 Wòch la te gen kèk pawòl konsènan zansèt li yo tou. Epi premye paran li yo te soti nan ^a“toudebabèl la, nan epòk Senyè a te ^bkonfonn lang pèp la; e severite Senyè a te tonbe sou yo dapre jijman li yo, ki jis; e ^czo

12a 2 Ne. 5:6–9.

b Jakòb 3:4.

14a GE Zarayemla.

b 1 Ne. 3:3, 19–20;
5:10–22.

15a Mozya 25:2.

b Jer. 39:1–10;

Ela. 8:21.

17a Mozya 1:2–6.

19a Mozya 25:13.

b Omni 1:12.

20a Mozya 8:13–19.

GE Vwayan.

21a Etè 12:1.

GE Koryantoumr.

22a Etè 1:1–5.

b Jen. 11:6–9;
Mozya 28:17;
Etè 1:33.

c Mozya 8:8.

yo dispèse nan tè peyi ki nan nò a.

23 Gade mwen Amaleki, m te fèt nan epòk Mozya a; e m te wè lè li te mouri; e ^aBenjamen, pitit gason li a, gouvène nan plas li.

24 Epi gade nan epòk wa Benjamen an, m te wè yon gwo lagè ak anpil masak pami Nefit yo ak Lamanit yo. Men gade, Nefit yo te gen anpil avantaj sou yo; wi, tèlman sa, wa Benjamen te pouse yo deyò nan peyi Zarayemla a.

25 Epi, se te konsa, m te kòmanse vin vyeyi; m pa t gen desandan, e m konnen wa ^aBenjamen se yon nonm ki jis devan Senyè a, se poutèt sa, m pral ^bremèt plak sa yo nan men l, m egzòte tout moun pou yo vin jwenn Bondye, Sen Izrayèl la, pou yo kwè nan pwofesi, ak revelasyon, ak manifestasyon zanj, ak don pou pale lang, ak don pou entèprete langaj, ak tout bagay ki ^cbon; paske pa gen anyen ki bon si li pa soti nan Senyè a: epi sa ki pa bon soti nan dyab la.

26 Kounyeya, frè byenneme m yo, m vle pou nou ta ^avin jwenn Kris la, ki se Sen Izrayèl la, pou

nou pa tisipe nan sali l ap bay la, ak pouvwa redanmsyon li a. Wi, vin jwenn li, e ^bofri tout nanm nou kòm yon ^cofrann ba li, e kontinye avèk ^djèn, avèk la-priyè, e pèsereve jiska lafen; e menm jan Senyè a vivan, l ap sove nou.

27 Epi kounyeya, m vle pale konsènan yon kantite moun ki te monte nan dezè a pou yo retounen nan peyi Nefi a; paske te gen anpil anpil moun ki te vle posede peyi eritaj yo a.

28 Se poutèt sa, yo te monte nan dezè a. Epi, dirijan yo a sete yon nonm ki gwo ak pui-san, sete yon nonm ki te gen kou rèd, se poutèt sa, li te lakòz chirepit nan pami yo; yo tout te ^amouri nan dezè a, eksepte senkant, e yo te retounen nan peyi Zarayemla a.

29 Epi, se te konsa, yo te pran anpil anpil lòt moun avèk yo, e yo te pati nan dezè a ankò.

30 Epi, mwen menm Amaleki, m te gen yon frè pa m ki te ale avèk yo tou; depi lè sa a, m pa t konn anyen konsènan yo. Epi, m prèske desann kouche nan tonm mwen; e ^aplak sa yo ranpli. Epi, m fin pale.

PAWÒL MÒMON YO

*Mòmòn rezime gwo plak Nefi yo—
Li mete ti plak yo avèk lòt plak*

*yo—Wa Benjamen tabli lapè nan
peyi a. Anviwon 385 APRE JEZIKRI.*

23a P—M 1:3.
25a P—M 1:17–18;
Mozya 29:13.
b P—M 1:10.
c Alma 5:40;

Etè 4:12;
Mowo. 7:15–17.
26a Jakòb 1:7;
Alma 29:2;
Mowo. 10:32.

b GE Sakrifis.
c 3 Ne. 9:20.
d GE Jèn, jene.
28a Mozya 9:1–4.
30a 1 Ne. 6.

EPI, mwen menm, “Mòmòn, m pral remèt rejis m te fè yo bay Mowoni, pitit gason m nan, m te temwen prèske tout destriksyon pèp mwen an, Nefit yo.

2 Epi, se apre “anpil santèn ane lè Kris la te fin vini, m te remèt rejis sa yo bay pitit gason m nan; daprè sa m sipoze, li pral temwen tout destriksyon pèp mwen an. Men, se pou Bondye fè l pa mouri nan destriksyon yo pou l kapab ekri kèk bagay konsènan yo, pou l kapab ekri kèk bagay konsènan Kris la, yon jou petèt, sa kapab pou ^bpwofi yo.

3 Kounyeya, m ap pale kèk bagay, konsènan sa m te ekri; paske lè m te fin “rezime nan ^bplak Nefi yo, jouk nan gouvènman wa Benjamen sa a Amaleki te pale a, m te chèche nan “rejis ki te nan men m yo, e m te jwenn plak sa yo ki gen yon ti istwa konsènan pwofèt yo depi nan Jakòb jouk nan wa “Benjamen sa a, ak anpil nan pawòl Nefi yo.

4 Epi, bagay ki sou plak sa yo fè “m plèzi, poutèt pwofesi konsènan aparisyon Kris la; e zansèt mwen yo te konnen anpil ladan yo te akonpli; wi, epi tou m konnen tout pwofesi ki te fèt konsènan nou jouk jodi a, yo te akonpli; e tout sa ki vini apre jodi a dwe akonpli sètènman—

5 Se poutèt sa, m chwazi “bagay sa yo pou m fini rejis mwen an sou yo, e m pral pran rès istwa m nan sou ^bplak Nefi yo; e m pa kapab ekri yon “santyèm nan istwa pèp mwen an.

6 Men gade, m pral pran plak sa yo, ki gen pwofesi ak revelasyon yo, e m pral mete yo avèk rès rejis mwen yo, paske yo enpòtan pou mwen; e m konnen yo pral enpòtan pou frè m yo.

7 Epi, m fè sa pou yon “rezon ki saj; paske se chichotman sa a m te tande nan zòrèy mwen daprè manifestasyon Lespri Senyè a ki nan mwen an. Epi kounyeya, m pa konnen tout bagay; men Senyè a ^bkonnen tout bagay ki gen pou fèt; se poutèt sa, li travay nan mwen pou l fè daprè volonte l.

8 Epi, “priyè m devan Bondye, se pou frè m yo, pou yo kapab rekonèt Bondye, wi, redanmsyon Kris la, pou yo kapab vin tounen yon pèp ^bchaman ankò.

9 Epi kounyeya, mwen menm, Mòmòn, m pral fini rejis mwen an, rejis m pran sou plak Nefi yo; e m fè l daprè konesans ak konpreyansyon Bondye te ban mwen.

10 Se poutèt sa, se te konsa, lè Amaleki te fin “remèt plak sa yo nan men wa Benjamen, li te pran yo, e li te mete yo avèk ^blòt plak

1 *a* 3 Ne. 5:9-12;
Mòm. 1:1-4; 8:1, 4-5.
GE Mòmòn,
pwofèt Nefit.
2 *a* Mòm. 6:5-6.
b D&A 3:16-20.
3 *a* D&A 10:44.
b D&A 10:38-40.
c Mozya 1:6;

Ela. 3:13-15;
Mòm. 4:23.
d Omni 1:23.
4 *a* 1 Ne. 6:5.
5 *a* svd bagay ki fè l
plezi yo, mansyone
nan v. 4.
b 1 Ne. 9:2.
c 3 Ne. 5:8-11; 26:6-12.

7 *a* 1 Ne. 9:5; 19:3;
D&A 3:12-20;
10:1-19, 30-47.
b GE Omnisan.
8 *a* 2 Ne. 33:3-4;
Enòs 1:11-12.
b 2 Ne. 30:6.
10 *a* Omni 1:25, 30.
b 1 Ne. 9:4.

ki gen istwa ki te pase nan men ‘wa yo, depi yon jenerasyon apre yon lòt jouk nan epòk wa Benjamen an.

11 Epi, yo te pase nan men wa Benjamen, yon jenerasyon apre yon lòt jistan yo te tonbe nan ‘men m. Epi, mwen menm, Mòmmon, m priye Bondye pou yo kapab prezève depi kounyeya pou tout tan. Epi, m konnen yo pral prezève; paske gen gran bagay ki ekri sou yo, se daprè bagay sa yo pèp mwen an ak frè l yo pral ^bjije nan gwo jijman dènye jou a, daprè pawòl Bondye ki ekri.

12 Epi, kounyeya, konsènan wa Benjamen sa a—te yon jan gen chirepit nan pami pèp pa li a.

13 Epi, se te konsa tou, lame Lamanit yo te desann nan ‘peyi Nefi a, pou yo goumen kont pèp li a. Men, wa Benjamen te rassemble lame li yo ansanm, e li te kanpe kont yo; e li te batay avèk fòs ponyèt pa li, avèk ^bepe Laban an.

14 Epi, se te konsa, avèk fòs Senyè a, yo te goumen kont ènmi yo, jistan yo te touye anpil milye nan Lamanit yo. Epi, se te

konsa, yo te goumen kont Lamanit yo jistan yo te pouse yo deyò nan peyi eritaj yo.

15 Epi, se te konsa, apre te fin gen fo “Kris, epi bouch yo te fin fèmen, epi yo te resevwa pini-syon daprè krim yo te fè;

16 Epi, apre te fin gen fo pwo-fèt, fo predikatè ak enstriktè nan pami pèp la, e yo tout te resevwa pinisyon daprè krim yo te fè; e apre te fin gen anpil chire-pit ak anpil divizyon ki te pase nan pami Lamanit yo, reyèlman, se te konsa, wa Benjamen, avèk asistans “pwofèt sen yo ki te nan pami pèp li a—

17 Paske, wa Benjamen te yon “nonm sen, e li te gouvène pèp li a avèk lajistis; e te gen anpil nonm ki sen nan peyi a, e yo te pale pawòl Bondye a avèk ^bpou-vwa e avèk otorite; e yo te aji avèk anpil ‘severite, poutèt pèp la ki te gen kou rèd—

18 Se poutèt sa, avèk èd moun sa yo, wa Benjamen te travay avèk tout pouvwa kò li e avèk fakilte tout nanm li, e pwofèt yo tou, yo te tabli lapè nan peyi a yon fwa ankò.

LIV MOZYA A

CHAPIT 1

Wa Benjamen ansenye pitit gason

*l yo lang ak pwofesi zansèt yo—
Relijyon ak sivilizasyon yo te pre-
zève akòz rejis ki te konsève sou*

10c Jawòm 1:14.
11a 3 Ne. 5:8–12;
Mòm. 1:1–5.
b 2 Ne. 25:18; 29:11;
33:11–15;
3 Ne. 27:23–27.

13a Omni 1:12.
b 1 Ne. 4:9; 2 Ne. 5:14;
Jakòb 1:10;
Mozya 1:16;
D&A 17:1.
15a GE Antekris.

16a Enòs 1:22.
17a Alma 13:26.
b Alma 17:2–3.
c Mowo. 9:4;
D&A 121:41–43.

plizyè plak—Yo chwazi Mozya kòm wa, e li resevwa responsablite rejis yo ak lòt bagay ankò. Anviwon 130-124 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, pa t gen chirepit ankò nan tout “peyi Zaryemla a, nan pami tout pèp wa Benjamen an, konsa, wa Benjamen te gen lapè nèt alkole nan tout rès jou li yo.

2 Epi, se te konsa, li te gen twa pitit gason; li te rele yo Mozya, Elowoum ak Elaman. Epi li te fè yo resevwa “ansèyman nan tout ^blang zansèt li yo, pou yo te kapab vin tounen moun entèlijan; e pou yo kapab konnen konsènan pwofesi bouch zansèt yo te pale, pwofesi yo te resevwa nan men Senyè a.

3 Epi, li te ansenye yo tou konsènan rejis ki te ekri sou plakderen yo, li di: Pitit gason m yo, m ta vle nou sonje, si se pa t akoz “plak sa yo, ki gen rejis sa yo ak kòmandman sa yo, nou t ap soufri nan ^biyorans, jouk kounyeya, san konnen mistè Bondye yo.

4 Paske, li pa t ap posib pou papa nou, Leyi, ta sonje tout bagay sa yo, pou l ansenye pitit li yo, si se pa t ak èd plak sa yo; paske li te resevwa ansèyman nan “lang Ejiptyen yo, se poutèt sa, li te kapab li ekriti sa yo, e ansenye pitit li yo, pou yo

kapab ansenye pitit pa yo, pou yo kapab akonpli kòmandman Bondye, jouk kounyeya.

5 M di nou, pitit gason m yo, si se pa t pou bagay sa yo, men Bondye kenbe ak “prezève yo, pou nou kapab ^bli, e pou nou kapab konprann “mistè li yo, e pou nou kapab gen kòmandman li yo devan je nou touttan, zansèt nou yo t ap menm dejenere nan enkredilite, e nou t ap tankou frè nou yo, Lamanit yo, ki pa konn anyen konsènan bagay sa yo, oubyen ki pa menm kwè lè yo ansenye yo, poutèt “tradi-syon zansèt yo ki pa kòrèk.

6 O pitit gason m yo, m ta vle nou sonje pawòl sa yo se verite, e rejis sa yo tou se “verite. Epi gade, plak Nefi yo, ki gen istwa ak pawòl zansèt nou yo depi lè yo te kite Jerizalèm jouk kounyeya, se verite tou; e nou konnen yo reyèl paske nou genyen yo devan je nou.

7 E kounyeya, pitit gason m yo, m ta vle nou sonje “fouye yo avèk dilijans, pou pwofi nou; e m ta vle nou ^brespekte “kòmandman Bondye yo, pou nou kapab pwospere nan peyi a, dapre “pwomès Senyè a te fè zansèt nou yo.

8 Epi, gen anpil lòt bagay wa Benjamen te ansenye pitit gason l yo, ki pa ekri nan liv sa a.

9 Epi, se te konsa, lè wa Benjamen te fin ansenye pitit gason l

1 1a Omni 1:13.
2a Mozya 4:14-15;
D&A 68:25, 28.
b Mòm. 9:32.
3a GE Plak.
b Alma 37:8-9.
4a 1-JS 1:64.

5a GE Ekriti yo—Ekriti
ki dwe prezève.
b Det. 6:6-8.
c GE Mistè Bondye yo.
d Mozya 10:11-17.
6a 1 Ne. 1:3;
2 Ne. 33:10-11;

Mowo. 10:27.
7a GE Ekriti yo.
b Mozya 2:22;
Alma 50:20-22.
c Sòm 122:6;
1 Ne. 2:20.
d Alma 9:12-14.

yo, li te vyeyi, e li te wè l dwe fè ronnn tout tè a talèkansa; se poutèt sa, li te panse se te nesèsè pou l pase wayòm nan bay youn nan pitit gason l yo.

10 Se poutèt sa, li te fè menmen Mozya devan l; e men pawòl li te di l: Pitit gason m nan, m ta vle w fè yon pwoklamasyon nan tout peyi a, nan pami tout pèp sa a, oubyen “pèp Zarayemla a, ak pèp Mozya a ki rete nan peyi a, pou yo rasanble ansanm; paske demen, m pral pwoklame w ^bwa ak dirijan avèk bouch pa m, pou pèp Senyè Bondye nou an te ban nou an.

11 Epi anplis, m pral bay pèp sa a yon “non, pou yo kapab distenge nan pami tout pèp Senyè Bondye a te fè sòti nan peyi Jerizalèm; e m fè sa paske yo respektè kòmandman Senyè a yo avèk dilijans.

12 Epi, m ba yo yon non ki p ap janm efase, eksepte pa “transgresyon.

13 Wi, e anplis sa, m di w, si pèp sa a, Senyè a favorize anpil la ta tonbe nan “transgresyon, e yo ta vin tounen yon pèp mechan ak adiltè, Senyè a ap lage yo pou yo kapab vin ^bfèb tankou frè yo; e li p ap ‘prezève yo ankò avèk gwo pouvwa san parèy li a, jan li te prezève zansèt nou yo.

14 Paske, m di w, si l pa t lonje ponyèt li pou l prezève zansèt

nou yo, yo t ap tonbe nan men Lamanit yo, pou yo tounen viktim rayiman yo.

15 Epi, se te konsa, lè wa Benjamen te fin pale pawòl sa yo avèk pitit gason l, li te ba l responsab tout bagay nan wayòm nan.

16 Epi anplis sa, li te ba l responsablite konsènan rejis ki te ekri sou “plakderen yo; e tou ak plak Nefi yo tou; ak ^bepe Laban an, ak ‘boul oubyen bousòl ki te dirije zansèt nou yo nan dezè a, boul Senyè a te pare avèk men pa li a, pou l te kapab dirije yo, chak moun, daprè atansyon ak dilijans yo te ba li.

17 Se poutèt sa, lè yo pa t fidèl, yo pa t pwospere ni pwogrese nan vwayaj yo, men yo te “fè bak, e yo te rale chatiman Bondye sou yo; se poutèt sa, famin ak afliksyon ensipòtab te frape yo, pou fè yo sonje devwa yo.

18 Epi kounyeya, se te konsa, Mozya t ale e li te fè jan papa l te kòmande l la, li te pwoklame devan tout pèp nan peyi Zarayemla a, pou yo rasanble ansanm, pou yo monte nan tanp la, pou yo tande pawòl papa l te gen pou l di yo.

CHAPIT 2

Wa Benjamen pale avèk pèp li a—Li rakonte legalite, lajistis ak espirityalite gouvènman l lan—Li konseye yo pou yo sèvi Wa Selès

10a Omni 1:14.

b Mozya 2:30.

11a Mozya 5:8–12.

12a GE Peche.

13a Ebre 6:4–6.

b Ela. 4:24–26.

c D&A 103:8–10.

16a Mozya 1:3.

b 1 Ne. 4:8–19;

P—M 1:13;

D&A 17:1.

c 1 Ne. 16:10.

17a 1 Ne. 18:12–13.

yo a—Moun ki fè rebèl kont Bondye yo pral soufri lapenn menm jan avèk dife ki pa kapab etenn. Anviwon 124 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, lè Mozya te fin fè jan papa l te kòmande l la, e li te fè yon pwoklamasyon nan tout peyi a, pou pèp la rasanble ansanm nan tout peyi a, pou yo monte nan tanp lan, pou yo kapab tandè pawòl wa Benjamen te gen pou l pale yo.

2 Epi te gen anpil anpil moun, tèlman anpil, pèsonn pa t konte yo; paske yo te miltipliye anpil, e yo te vin anpil nan peyi a.

3 Epi tou, yo te pran kèk nan "premye pitit bèt yo, pou yo te kapab ofri ^bsakrifis ak ^colokòs yo "dapre lwa Moyiz la;

4 Epi tou, pou yo te kapab remèsye Senyè Bondye yo a, ki te mennen yo sòti nan peyi Jerizalèm nan, ki te delivre yo anba men ènmi yo, ki te "nonmen moun ki jis kòm ^benstriktè yo ak yon nonm ki jis tou pou wa yo, ki te tabli lapè nan "peyi Zarayemla a, e ki te ansenye yo pou yo te ^drespekte kòmandman Bondye yo a, pou yo kapab rejwi e pou yo kapab ranpli avèk ^elanmou pou Bondye ak pou tout moun.

5 Epi, se te konsa, lè yo te monte nan tanp la, yo te plante tant yo alantou tanp la, chak gason ak "fanmi l, ki vle di ma-

danm li, ak pitit gason li yo, ak pitit fi li yo, ak pitit gason yo, ak pitit fi yo, kòmanse nan pi gran an, rive nan pi piti a, chak fanmi te separe youn avèk lòt.

6 Epi yo te plante tant yo alantou tanp la, chak moun te gen pòt "tant li nan direksyon tanp la, konsa, yo te kapab rete andedan tant yo pou yo tandè pawòl wa Benjamen te gen pou l pale avèk yo;

7 Paske, kantite moun yo te tèlman anpil, wa Benjamen pa t kapab ansenye yo tout nan lakou tanp la, se poutèt sa li te fè bati yon fòtrès, pou pèp li a te kapab koute pawòl li te gen pou l pale avèk yo.

8 Epi, se te konsa, li te kòmanse pale avèk pèp li a sou tèt fòtrès la; e yo tout pa t kapab tandè pawòl li yo pou tèt kantite moun yo te anpil; se poutèt sa li te fè ekri pawòl li te pale yo, pou voye yo nan pami moun yo ki pa t prè ase pou yo te tandè vwa l yo, e pou yo kapab resevwa pawòl li yo tou.

9 Epi men pawòl li te "pale e li te fè ekri, ki di konsa: Frè m yo, nou tout ki rasanble ansanm, nou menm ki kapab tandè pawòl m pral pale nou yo jodi a; paske, m pa t kòmande nou pou nou monte isit la, pou nou ^bmeprize pawòl m pral pale yo, men pou nou ^ckoute m, pou nou ouvè zòrèy nou pou nou

2 3a Jen. 4:4.
b GE Sakrifis.
c 1 Ne. 5:9.
d 2 Ne. 25:24;
Alma 30:3;
34:13-14.
4a GE Aple, Bondye

te aple, apèl.
b Mozya 18:18-22.
GE Ansenye,
enstriktè.
c Omni 1:12-15.
d Jan 15:10.
e GE Lanmou, renmen.

5a GE Fanmi.
6a Egz. 33:8-10.
9a Mozya 8:3.
b D&A 6:12.
c GE Koute.

kapab tande, ak ^dkè nou pou nou kapab konprann, ak ^epanse nou pou ^fmistè Bondye yo kapab ouvri devan je nou.

10 M pa t kòmande nou pou nou monte isit la, pou nou kapab ^apè m, oubyen pou nou pansè pou tèt pa m, m plis pase yon nonm mòtèl.

11 Men, m menm jan avèk nou, m soumèt anba tout enfimite kò ak pansè a; malgre sa, pèp sa a te chwazi m, papa m te konsakre m, e men Senyè a te kite m sèvi kòm yon dirijan ak yon wa pou pèp sa a; e pouvwa san parèy li te pwoteje m, prezève m, pou m kapab sèvi nou avèk tout pouvwa, pansè ak fòs Senyè a te ban mwen.

12 M di nou, m te resevwa pèmisyon pou m pase lavi m nan sèvis nou, menm jouk kounyeya, e m pa t chèche ^alò ni lajan ak okenn kalite richès nan men nou;

13 Ni tou, m pa t aksepte pou nou ekspoze anba danje, ni tou pou nou fè youn esklav lòt, ni pou nou fè asasina, ak piye, ni vòlè ak fè adiltè; ni tou, m pa t menm aksepte pou nou fè onkenn kalite mechanste, e m te ansenye nou pou nou respekte kòmandman Senyè a yo, nan tout bagay li te kòmande nou—

14 Epi, menm mwen menm, m te ^atravay avèk men pa m, pou m kapab sèvi nou, pou nou

kapab pa koube anba taks, e pou onkenn bagay ki rèd pou moun sipòte pa t tonbe sou nou—e nou menm pou tèt pa nou, nou temwen tout bagay m te pale yo jodi a.

15 Malgre sa, frè m yo, m pa t fè bagay sa yo pou m kapab fè chèlbè, ni tou m pa di bagay sa yo pou m kapab akize nou; okontrè, m di nou bagay sa yo pou nou konnen ^akonsyans mwen klè devan Bondye jodi a.

16 Gade, m di nou, poutèt m di nou, m te pase lavi m nan sèvis nou, m pa vle fè chèlbè, paske m te sèlman nan sèvis Bondye.

17 E gade, m di nou bagay sa yo pou nou kapab aprann ^alasajès; pou nou kapab aprann lè n ap ^bsèvi ^cpwochen nou yo, se sèlman nan sèvi Bondye nou ye.

18 Gade nou te rele m wa nou; e si mwen menm nou te rele wa nou, m travay pou m ^asèvi nou, èske ou menm, nou pa ta dwe travay pou youn ede lòt?

19 Epi tou gade, si mwen menm nou nonmen wa nou, m te pase lavi m nan sèvis nou, e malgre sa, m te nan sèvis Bondye, si m merite remèsiman nan men nou, O, konbyen nou dwe ^aremèsye Wa selès nou an!

20 M ap di nou, frè m yo, si nou ta kapab rann tout remèsiman ak ^alouwanj tout nanm nou gen pouvwa pou l posede bay ^bBondye ki te kreye nou an, ki te

9d Mozya 12:27;

3 Ne. 19:33.

e GE Pansè (lespri).

f GE Mistè Bondye yo.

10a GE Krent, krentif.

12a Tra. 20:33–34.

14a 1 Kor. 9:18.

15a GE Konsyans.

17a GE Sajès.

b Mat. 25:40;

Jak 1:27;

D&A 42:29–31.

GE Sèvis.

c GE Frè, frè yo;

Sè.

18a Mat. 20:26–27.

19a GE Rekonesan,
remèsiman.

20a 1 Ne. 18:16.

b GE Bondye, Divinite.

pwoteje e ki te prezève nou an, epi ki te fè nou kapab rejwi a, e ki te fè nou kapab viv nan lapè youn ak lòt—

21 M ap di nou, si nou ta sèvi l, li menm ki te kreye nou an depi nan kòmansman, e ki te prezève nou youn jou apre lòt, lè li te prete nou souf la, pou nou kapab viv e pou nou kapab fè mouvman dapre “volonte pa nou, e ki sipòte nou tout tan—M di, si nou ta sèvi l avèk tout nanm nou nèt nou t ap toujou konsidere tankou yon ^bsèvitè san merit.

22 Epi gade, sèl sa l mande nou, se pou nou “respekte ^bkòmandman l yo; e li te pwomèt nou si nou respekte kòmandman l yo, n ap pwospere nan peyi a; e li pa janm “chanje nan sa li te di; se poutèt sa, si nou “respekte kòmandman l yo l ap beni nou e l ap fè nou pwospere.

23 E kounyeya, li te kreye nou, epi li te ba nou lavi, nou genyen l redevans pou lavi sa a.

24 Dezyèmman, li mande pou nou fè sa li kòmande nou; e si nou fè sa, li “beni nou imedyatman; e konsa, li te peye nou. E nou te dwe l, nou dwe l e n ap toujou dwe l pou tout tan; Alòs, ki chèlbè nou ka fè?

25 E kounyeya, m ap mande, èske nou kapab di anyen pou tèt pa nou? M di nou, non. Nou pa menm kapab di ou gen menm valè avèk pousyè tè a; malgre se avèk “pousyè tè a nou te ^bkreye,

men gade, pousyè tè a se pou moun ki te kreye nou an.

26 Epi, mwen, mwen menm nou nonmen wa nou an, m pa pi bon pase nou; paske m te sòti nan pousyè a tou. Epi nou wè m vyeyi, e m prèske remèt kò mòtèl sa a bay manman l, ki se tè a.

27 Se poutèt sa, kòm mwen te di nou m te sèvi nou, m te tèlman “mache avèk konsyans mwen klè devan Bondye, ki fè, kounyeya, m fè nou reyini ansanm, pou m kapab san blam, e pou ^bsan nou pa tonbe sou mwen, lè m kanpe devan Bondye pou l jije m pou bagay li te kòmande m konsènan nou yo.

28 M ap di nou, m te fè nou rasanble ansanm pou m kapab “retire san nou sou rad mwen, nan moman sa a, pandan m prèske desann nan tonm mwen an, pou m kapab desann avèk lapè, e pou ^blespri imòtèl mwen an kapab rankontre “koral nan syèl yo nan chante louwanj pou yon Bondye ki jis la.

29 Epi anplis, m di nou m te fè nou rasanble ansanm, pou m kapab deklare nou m pa kapab kontinye sèvi kòm enstriktè nou, ni wa nou ankò;

30 Paske kounyeya menm, tout zo nan kò m ap tranble anpil pandan m ap eseye pale avèk nou; men Senyè Bondye sipòte m, e li te kite m pale avèk nou, e li te kòmande m pou m deklare

21a GE Lib abit.

b Lik 17:7–10.

22a Lev. 25:18–19;

2 Ne. 1:9.

b GE Kòmandman

Bondye yo.

c D&A 3:1–2.

d D&A 14:7; 58:2–3.

24a GE Benediksyon, beni.

25a Jen. 3:19;

Jakòb 2:21.

b GE Kreyasyon, kreye.

27a GE Mache, mache

avèk Bondye.

b Jakòb 1:19.

28a Jakòb 2:2.

b GE Lespri.

c Mòm. 7:7.

nou jodi a, pitit gason m nan, Mozya, se wa ak dirijan nou.

31 E kounyeya, frè m yo, m ta vle pou nou fè menm jan nou te fè deja a. Lè nou te respekte kòmandman m yo, ak kòmandman papa m yo, nou te pwospere, e nou pa t tonbe nan menm enmi yo, menm jan an, si nou respekte kòmandman pitit gason m nan, oubyen kòmandman yo Bondye pral ba li pou l ba nou yo, n ap pwospere nan peyi a e enmi nou yo p ap gen pouvwa sou nou.

32 Men, O pèp mwen an, fè atansyon pou “chirepit pa leve nan pami nou, e pou nou pa chwazi obeyi lespri malen papa m, Mozya, t ap pale a.

33 Paske gade, gen yon malè ki pare pou moun ki chwazi pou l obeyi lespri sa a; paske yon moun ki chwazi obeyi l, ki rete e ki mouri nan peche l yo, moun sa a bwè “kondansyon pou nanm pa l; paske li resevwa ^bpinisyon etènèl kòm rekonpans, paske li transgrese lalwa Bondye a kontrèman avèk pwòp konesans pa li.

34 M ap di nou, pa gen yon moun nan pami, nou eksepte timoun piti nou yo, ki pa t resevwa ansèyman konsènan bagay sa yo, pa gen moun ki pa konnen nou genyen yon dèt etènèl pou Papa nou ki nan syèl la, pou nou peye l pou tout sa nou genyen ak tout sa nou ye; epi tou, pa gen moun ki pa t

resevwa ansèyman konsènan rejis ki gen pwofesi pwofèt sen yo te pale a, menm depi lè papa nou, Leyi, te kite Jerizalèm;

35 Epi tou, tout bagay zansèt nou yo te pale jouk kounyeya. Epi gade yo te pale sa Senyè a te kòmande yo; se poutèt sa, yo jis epi yo se verite.

36 Epi kounyeya, m di nou, frè m yo, lè nou fin konnen e lè yo fin ansenye nou bagay sa yo, si nou ta transgrese, e nou ta mache kont bagay yo te pale yo, si nou ta retire kò nou sou Lespri Senyè a, pou l pa gen plas nan nou pou l gide nou nan chemen lasajès, pou nou kapab beni, pwospere ak pwoteje—

37 M ap di nou, yon moun ki fè sa, moun sa a deklare li kareman an “rebelyon kont Bondye; se poutèt sa li chwazi pou l obeyi lespri malen an, e li vin tounen yon enmi lajistis; se poutèt sa Senyè a pa gen plas nan li, paske Li pa kapab rete nan ^btanp ki pa sen.

38 Se poutèt sa, si moun sa a pa “repanti, si l rete e si l mouri kòm enmi Bondye, egzijans ^blajistis Bondye a ap souke nanm imòtèl li a avèk yon konesans klè konsènan “peche li, ki ap lakòz li fè bak devan prezans Senyè a, e ki ap chaje kè li avèk remò, ak doulè e ak tristès ki tankou yon dife ki pa kapab etenn, e ki gen flanm ki ap monte pou tout tan.

39 E kounyeya m ap di nou,

32a 3 Ne. 11:29–30.

33a GE Danasyon, dane.

b D&A 19:6, 10–12.

37a Mozya 3:12;

Ela. 8:24–25.

GE Rebelyon.

b Alma 7:21.

38a GE Repantans, repanti.

b GE Jistis.

c GE Remò.

“mizèrikòd sa a pa gen okenn dwa sou moun sa a; se pou-tèt sa dènye kondanasyon l, se pou l soufri yon touman ki p ap fini.

40 O, nou menm gason aje yo, ak noumenm jèn gason yo tou ak timoun piti yo ki kapab konprann pawòl mwenn yo, paske m te pale klè avèk nou pou nou kapab konprann, m priye pou nou kapab konprann, m priye pou nou reveye nou pou nou kapab “sonje sitiyasyon terib moun sa yo ki tonbe nan transgresyon.

41 Epi ankò, m ta vle nou konsidere “benediksyon ak bonè moun sa yo ki respekte kòmandman Bondye yo. Gade, yo ^bbeni nan tout bagay, ni tanporèl niespirityèl; e si yo rete ‘fidèl jiskalafen, y ap jwenn akèy nan “syèl la, pou yo kapab rete avèk Bondye nan yon bonè ki p ap fini. O, sonje, sonje bagay sa yo se verite; Paske Senyè Bondye a te di sa.

CHAPIT 3

Wa Benjamen kontinye mesaj li a—Senyè Toupisan an pral anseye nan pami lèzòm avèk yon kò fizik—San pral sòti nan chak ti twou nan kò Li pandan L ap eks-pye peche mond lan—Non Li se sèl non kote sali pral soti—Lèzòm kapab retire moun natirèl la epi vin tounen Sen pa mwayen

Ekspyasyon an—Touman mechan yo pral tankou yon lak dife ak souf. Anviwon 124 ANVAN JEZIKRI.

Epi ankò, frè m yo, m vle atire atansyon nou, paske m ti kras plis gen pou m pale avèk nou ti kras; paske gade, m gen bagay pou m di nou konsènan sa ki gen pou fèt.

2 Epi bagay m gen pou m di nou yo, se yon “zanj Bondye ki te fè m konnen yo. Li te di m konsa: Reveye; e m te reveye, e menm moman an, li te kanpe devan m.

3 Epi li te di m konsa: Reveye, e tande pawòl m pral di w yo; paske gade, m vini pou m deklare w “bòn nouvèl ki bay anpil lajwa a.

4 Paske Senyè a te tande priyè nou yo, e li twouve nou jis, e li te voye m pou m deklare nou, nou kapab rejwi; e nou kapab deklare pèp nou an, yo kapab ranpli avèk lajwa tou.

5 Paske gade, tan an ap vini, e li pa lwen, “Senyè Toupisan an k ap gouvène a, ki te egziste e ki egziste depi nan letènite jouk nan letènite a, pral desann sòti nan syèl la avèk pouvwa, nan pami pitit lèzòm, e li pral rete nan yon ^bkò fizik, e li prale nan pami lèzòm, pou l fè gwo ‘mirak, tankou geri malad, resisite mò, fè moun paralize mache, fè moun ki avèg wè ankò, fè

39a Alma 34:8–9, 15–16.

GE Mizèrikòd.

40a Alma 5:18.

41a 4 Ne. 1:15–18.

GE Jwa.

b GE Benediksyon, beni.

c D&A 6:13.

d GE Syèl.

3 2a GE Zanj yo.

3a Lik 2:10–11.

5a GE Jewova.

b Mozya 7:27;

Alma 7:9–13.

c Mat. 4:23–24;

Tra. 2:22;

1 Ne. 11:31.

GE Mirak.

moun ki soud tande, epi geri tout kalite maladi.

6 Epi li pral chase ^adyab, oubyen move lespri yo ki rete nan kè pitit lèzòm yo.

7 Epi li pral soufri ^atantasyon, ak doulè fizik, ak ^bgrangou, ak swaf, ak fatig plis pase lèzòm kapab ^csoufri san yo pa mouri; ^dsan menm sòti nan chak twou swè li yo, tèlman li pral ^esoufri pou mechanste ak abominasyon pèp li a.

8 Epi yo pral rele li ^aJezikri, ^bPitit Gason Bondye a, ^cPapa syèl la ak tè a, Kreyatè tout bagay depi nan kòmansman; e yo pral rele ^dmanman li ^eMari.

9 Epi, li vin jwenn moun pa li yo, pou ^asali kapab vin jwenn pitit lèzòm si yo gen ^blafwa nan non li; e malgre tout sa, y ap konsidere l tankou yon nonm, e yo pral di li gen yon ^cdyab, yo pral ^dfwete l, e yo pral ^ekrisifye l.

10 Epi li pral ^aleve nan ^btwazyèm jou a, sòti nan pami mò yo; e gade, li kanpe pou l ^cjije mond lan; e gade, tout bagay sa yo fèt pou yon jijman ki jis kapab tonbe sou pitit lèzòm.

11 Paske, gade, ^asan li ^bekspye peche moun ki ^ctonbe pou-

tèt transgresyon Adan an, ki te mouri san yo pa t konnen volonte Bondye konsènan yo menm, oubyen ki te ^apeche nan iyorans.

12 Men malè, pou moun ki konnen l e fè ^arebelyon kont Bondye! Paske sali pa pou moun konsa, eksepte nan repantans ak lafwa nan ^bSenyè a Jezikri.

13 Epi Senyè Bondye a te voye pwofèt sen li yo nan pami tout pitit lèzòm, pou deklare tout fanmi, nasyon, ak lang bagay sa yo, konsa, pou nenpòt moun ki kwè Kris la gen pou l vini, moun sa a kapab jwenn ^apadon pou peche li yo, pou l kapab rejwi nan lajwa, ^bkòm si li te deja vini nan pami yo.

14 Men, Senyè Bondye a te wè pèp li a se te yon pèp ki kou rèd, e li te tabli yon lwa pou yo, ^alwa Moyiz la menm.

15 Anpil siy, mèvèy, ^amodèl, resanblans te prezante devan yo, konsènan vini l lan; epi tou pwofèt sen yo te pale yo de vini l lan; malgre sa, yo te fè kè yo di e yo pa t konprann ^blwa Moyiz la pa t gen valè san ekspyasyon san li a.

6a Mak 1:32-34.

7a GE Tantasyon, tante.

b Mat. 4:1-2.

c D&A 19:15-18.

d Lik 22:44.

e Eza. 53:4-5.

8a GE Bondye,
Divinite—Bondye,
Pitit Gason an.

b Alma 7:10.

c Ela. 14:12;

3 Ne. 9:15.

d Mat. 1:16;

1 Ne. 11:14-21.

e GE Mari, manman Jezi.

9a GE Sali.

b GE Lafwa.

c Jan 8:48.

d Mak 15:15.

e Lik 18:33;

1 Ne. 19:10;

2 Ne. 10:3.

GE Krisifiksyon.

10a GE Rezirèksyon.

b Mat. 16:21;

2 Ne. 25:13;

Ela. 14:20-27.

c GE Jij, jijman.

11a GE San.

b GE Ekspyasyon,

ekspye.

c GE Chit Adan ak Èv.

d 2 Ne. 9:25-26.

12a Mozya 2:36-38;

Ela. 8:25.

GE Rebelyon.

b GE Senyè a.

13a GE Remisyon

peche yo.

b 2 Ne. 25:24-27;

Jawòm 1:11.

14a GE Lwa Moyiz.

15a GE Jezikri—Tip
oubyen senbòl Kris.

b Mozya 13:27-32.

16 Epi menm si l te posib pou “timoun piti ta kapab peche yo pa t ap kapab sove; men m di nou konsa, yo ^bbeni; paske gade, kòm yo tonbe nan Adan, oubyen akoz de nati yo, se menm jan an, san Kris la ekspye peche yo.

17 Epi ankò, m ap di, “pa gen okenn lòt non ni okenn lòt mwayen ki kapab pote ^bsali a pou piti lèzòm, se sèlman nan epi pa mwayen non “Kris la, Senyè Toupisan an.

18 Paske gade li fè jijman, e jijman l lan jis; e yon bebe ki mouri pandan li piti, p ap peri; men lèzòm bwè kondanasyon pou nanm pa yo si yo pa imilye tèt yo, “vin tankou timoun piti, e kwè sali a te egziste, li egziste, e li gen pou l vini, nan epi pa mwayen ^bsan ekspyatwa Kris la, Senyè a Toupisan an.

19 Paské “lòm natirèl la se ènmi Bondye, se sa li te ye depi ^bchit Adan an, epi l ap toujou sa pou tout tan, si li pa “soumèt li anba enfliyan “Sentespri a, epi si li pa retire moun natirèl la nan kò l, pou l vin tounen yon “sen, pa mwayen ekspyasyon Kris la, Senyè a, epi pou l vin tankou yon ^ftimoun, obeyisan, dou, enb, pasyan, ranpli avèk lanmou, ki vle soumèt tèt li bay tout bagay Senyè a jije nesèsè pou fè l an-

dire, menm jan yon timoun soumèt tèt li bay papa l.

20 Epi ankò, m t ap di, yon tan pral vini e “konesans konsènan yon Sovè pral gaye nan pami ^bchak nasyon, fanmi, lang ak pèp.

21 Epi gade, lè tan sa a rive, pèsonn p ap gen “eskiz devan Bondye, san repantans ak lafwa nan non Senyè Bondye Toupisan an, eksepte timoun piti yo.

22 Epi menm nan moman sa a, lè nou ta fin ansenye pèp nou an bagay Senyè Bondye nou an te kòmande nou yo, menm lè sa a yo pa t ap san tach devan Bondye, dapre pawòl m te pale nou yo.

23 Epi m te pale pawòl Senyè Bondye a te kòmande m yo.

24 Epi Senyè a te di konsa: Pawòl yo pral sèvi temwayaj vivan kont pèp sa a nan jou jijman an; se pawòl yo ki ap jije yo, chak moun dapre zèv yo, ke yo te bon, ke yo te move.

25 Epi si zèv yo move, moun yo ap kondane pou yo “wè fòt pa yo ak abominasyon pa yo, ki ap fè yo fè bak devan prezans Senyè a pou yo tonbe nan yon eta ^bmizerab ak yon touman san fen, kote yo p ap janm retounen; se poutèt sa yo te bwè kondanasyon pou nanm pa yo.

26 Se poutèt sa, yo te bwè nan

16a GE Timoun, timoun yo.

b Mowo. 8:8–9.

17a Tra. 4:10–12; 2 Ne. 31:21.

b GE Sali.

c GE Jezikri—Pran non Jezikri avèk nou.

18a Mat. 18:3.

b Mozya 4:2; Ela. 5:9.

19a 1 Kor. 2:11–14; Mozya 16:2–3.

GE Lòm natirèl.

b GE Chit Adan ak Èv.

c 2 Kwo. 30:8.

d Mowo. 10:4–5.

GE Sentespri.

e GE Sen (non).

f 3 Ne. 9:22.

20a D&A 3:16.

b GE Travay misyonè.

21a GE Responsab, responsablite.

25a Alma 5:18;

12:14–15.

b Mòm. 8:38.

tas kòlè Bondye a, lajistis pa t kapab pa afekte yo, menm jan lajistis pa t kapab anpeche ^aAdan tonbe apre li te fin manje nan ^bfwi defandi a; Se poutèt sa a ^cmizèrikòd pa t kapab reklame yo ankò, pou tout tan.

27 Epi ^atouman yo tankou yon ^blak dife ak souf, ki gen flanm ki pa kapab etenn, e lafimen l ap monte pou tout tan. Se konsa Senyè a te kòmande m. Amèn.

CHAPIT 4

Wa Benjamen kontinye mesaj li—sali a vini pa Ekspyasyon an—Kwè nan Bondye pou nou kapab sove—Asire padon pou peche nou yo pa mwayen fidelite—Pataje byen nou yo avèk pòv yo—Fè tout bagay nan sajès ak nan lòd. Anviwon 124 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, lè wa Benjamen te fin pale pawòl sa yo zanj Senyè a te ba li a, li te voye je l alantou sou foul moun yo, e li te wè yo te tonbe atè, paske ^alakrent Senyè a te vini sou yo.

2 Epi yo te wè tèt yo nan yon ^asityasyon chanèl, ^bmenm pi ba pase pousyè tè a. Epi yo tout te kriye ansanm avèk yon sèl vwa, yo di: O, gen mizèrikòd, e aplike ^csan ekspyatwa Kris la pou nou kapab resevwa padon pou peche nou yo, e pou kè nou

kapab pirifye; paske nou kwè nan Jezikri, Pitit Gason Bondye a ki te ^akreye syèl la ak tè a ak tout bagay ki pral desann nan pami lèzòm.

3 Epi, se te konsa, lè yo te fin pale pawòl sa yo Lespri Senyè a te vin sou yo, e yo te ranpli ak lajwa, paske yo te resevwa ^apadon pou peche yo, e paske yo te gen lapè nan ^bkonsyans yo, poutèt gwo ^clafwa yo te genyen nan Jezikri ki te gen pou l vini, dapre pawòl wa Benjamen te pale avèk yo.

4 Wa Benjamen te louvri bouch li ankò e li te kòmanse pale avèk yo, li di: Frè m yo ak zanmi m yo, fanmi m yo ak pèp mwen an, m ta vle atire atansyon nou ankò, pou nou kapab tandè ak konprann rès pawòl m pral pale nou yo.

5 Paske gade, si nan moman sa a, konesans bonte ^aBondye a te reveye sans nou pou fè nou konnen nou pa anyen, nou san valè, e nan sityasyon moun ki chite—

6 M ap di nou, si ou vin gen ^akonesans konsènan bonte Bondye, ak pouvwa enkonparab li a, ak sajès li, ak pasyans li, ak andirans li pou byen pitit lèzòm; epi tou, ^bekspyasyon li a ki te prepare depi nan ^cfondasyon mond lan, pou sali a ki vini pou moun ki mete

26a Mòm. 9:12.

b Jen. 3:1-12;

2 Ne. 2:15-19;

Alma 12:21-23.

c GE Mizèrikòd.

27a GE Remò.

b 2 Ne. 9:16;

Jakòb 6:10;

D&A 76:36.

4 1a GE Krent, krentif.

2a GE Chanèl.

b Ela. 12:7-8.

c Mozya 3:18;

Ela. 5:9.

d GE Kreyasyon, kreye.

3a GE Remisyon

peche yo.

b GE Konsyans.

c GE Lafwa.

5a Moyiz 1:10.

6a GE Bondye, Divinite.

b GE Ekspyasyon, ekspye.

c Mozya 15:19.

“konfyans nan Senyè a, epi ki respekte kòmandman li yo avèk dilijans, e ki pèsèvere nan lafwa menm jouk nan finisman lavi kò mòtèl la—

7 M ap di, se moun sa a ki resevwa sali, pa mwayen eks-pyasyon ki te prepare depi nan fondasyon mond lan pou tout limanite, ki te la depi “chit Adan an, oubyen ki la e ki pral la pou tout tan, menm jouk nan finisman mond lan.

8 Epi se fason sa a sali a vini. Epi pa gen “okenn lòt sali eksepte sa yo te pale a; epi tou pa gen okenn kondisyon pou lèzòm sove, eksepte kondisyon m te di nou yo.

9 Kwè nan Bondye; kwè li egziste, kwè li te kreye tout bagay nan syèl la ak sou tè a; kwè li gen tout “sajès, ak tout pou-vwa, ni nan syèl la ni sou tè a; kwè lèzòm pa ^bkonprann tout bagay Senyè a kapab konprann.

10 Epi ankò, kwè nou dwe “repanti nan peche nou yo, abandone yo, epi imilye tèt nou devan Bondye; mande avèk yon kè sensè pou l ^bpadone nou; e kounyeya, si nou ^ckwè tout bagay sa yo, ^dpratike yo.

11 Epi m ap di nou ankò, menm jan m te di nou anvan an, kòm nou te vin gen kone-

sans konsènan glwa Bondye, oubyen si nou te vin konnen bonte l e nou te ^agoute nan lanmou l, e si nou te resevwa ^bpadon pou peche nou yo, sa ki te lakòz kantite jwa sa a nan nanm nou, menm jan an tou, m ta renmen nou sonje e pou nou toujou kenbe nan memwa nou grandè Bondye ak eta ^cnil nou an, ak ^dbonte li ak pasyans li pou nou menm kreyati endiy, epi pou nou imilye nou menm jouk nan pwofondè ^eimilite a, pou nou ^frele non Senyè a chak jou, e kanpe fèm nan lafwa bagay ki gen pou fèt, bagay bouch zanj la te pale yo.

12 Epi gade m ap di nou, si nou fè sa, n ap toujou rejwi, e n ap ranpli avèk ^alanmou Bondye, e n ap toujou ^bkontinye gen padon pou peche nou yo; e konesans nou ap progrese nan laglwa moun ki te kreye nou an, oubyen nan konesans bagay ki jis epi ki vrè.

13 E nou p ap mete nan lide nou pou youn fè lòt mal, men pou nou viv ^anan lapè e pou nou bay chak moun dapre sa li merite.

14 Epi nou p ap kite ^apitit nou yo ret grangou, oubyen toutouni; epi tou nou p ap kite yo transgrese lwa Bondye yo, pou

6d Sòm 36:7;
2 Ne. 22:2;
Ela. 12:1.
GE Konfyans, konfyè.
7a GE Chit Adan ak Èv.
8a Tra. 4:12;
2 Ne. 31:21;
Mozya 3:17.
9a Wom. 11:33-34;
Jakòb 4:8-13.
b Eza. 55:9.

10a GE Repantans,
repanti.
b D&A 61:2.
c Mat. 7:24-27.
d 2 Ne. 31:19-21.
11a Alma 36:24-26.
b GE Remisyon
peche yo.
c Moyiz 1:10.
d Egz. 34:6;
Mowo. 8:3.

e GE Enb, imilite.
f GE Priyè.
12a GE Lanmou,
renmen.
b Mozya 4:26;
Alma 4:13-14;
5:26-35;
D&A 20:31-34.
13a GE Pezib.
14a 1 Tim. 5:8;
D&A 83:4.

yo ^bgoumen, e pou youn fè lobo avèk lòt, e pou yo sèvi dyab la, ki se mèt peche, oubyen ki se lespri malen zansèt nou yo te pale a, paske li se ènmi lajistis.

15 Men nou va, “ansenye yo pou yo ^bmache nan chemen verite ak sajès; ansenye yo ‘renmen pou youn lòt, epi pou youn sèvi lòt.

16 Epi, noumenm, “sekouri moun ki bezwen sekou nan men nou; pataje byen nou yo avèk moun ki nan bezwen yo; e pa kite ^bmandyan an sipriye nou pou granmesi, epi pa voye l al peri l pou l peri.

17 Petèt nou va “di konsa: moun nan te atire pwòp mizè l; se poutèt sa m ap rale men m, e m p ap ba li nan manje m, epi tou m p ap pataje byen m avèk li pou l pa souffri, paske pinisyon l yo jis—

18 Men m ap di nou, O, mesye nenpòt moun ki fè sa, moun sa gen bonjan rezon pou l repanti; e si li pa repanti pou bagay sa a li te fè a l ap peri pou tout tan, e li pa gen plas nan wayòm Bondye a.

19 Paske gade, èske nou tout pa mandyan? Èske nou tout pa konte sou menm Moun nan, Bondye menm, pou tout byen nou genyen, ni pou manje ni rad, pou lò ak lajan e pou tout kalite richès nou genyen?

20 Epi gade, kounyeya menm,

nou te fèk ap rele non li pou nou mande l padon pou peche nou yo. Èske li te kite nou mande anven? Non; li te vide Lespri l sou nou, e li te fè kè nou ranpli avèk “lajwa, epi li te fè bouch nou fèmen, nou te san pawòl, tèlman nou te gen anpil jwa.

21 E kounyeya, si nou konte sou Bondye ki te kreye nou an, li pou ki ba nou lavi nou pou tout sa nou genyen ak tout sa nou ye a, akòde nou tout sa nou mande ki bon, avèk lafwa, paske nou kwè n ap resevwa, O, se plis ke yon devwa sou youn “pataje byen li yo, avèk lòt.

22 Epi si nou “jije moun ki mande nou nan byen nou, pou l pa peri a, e nou kondane l, ala jis ^bkondanasyon nou an ap pi jis poutèt nou kenbe byen nou an, ki pa pou nou, men ki pou Bondye ki se mèt lavi nou an; e malgre sa nou pa sipliye ni repanti pou bagay nou te fè a.

23 M ap di nou, malè pou moun sa a, paske byen l yo ap peri avèk li; kounyeya, m di bagay sa yo pou moun ki “rich avèk bagay mond sa a.

24 Epi ankò, m ap di pòv yo, nou menm ki pa genyen, men ki gen ase pou nou kapab viv jou apre jou; m vle di tout moun ki pa bay mandyan yo, paske nou pa genyen; m ta renmen nou ta di nan kè nou: m pa genyen, men si m te genyen m ta p “bay.

14 *b* GE Kontansyon.

15 *a* D&A 68:25–28;

Moyiz 6:58.

GE Ansenye, enstriktè.

b GE Mache, mache

avèk Bondye.

c Mozya 18:21.

16 *a* GE Charite;

Sèvis.

b Det. 15:7–11;

Pwov. 21:13;

Eza. 10:1–2.

17 *a* Pwov. 17:5.

20 *a* GE Jwa.

21 *a* GE Antrèd;

Sèvis.

22 *a* Mat. 7:1–2;

Jan 7:24.

b 1 Jn. 3:17.

23 *a* D&A 56:16.

24 *a* Mak 12:44.

25 E kounyeya, si nou di sa nan kè nou, nou p ap koupab, san sa n ap ^akondane; e kondanasyon nou an jis paske nou konvwate sa nou pa t resevwa.

26 E kounyeya, akòz bagay m te pale nou yo—ki vle di pou nou kapab toujou gen padon pou peche nou yo jou apre jou, pou nou kapab mache ^asan repwòch devan Bondye—m ta renmen pou nou ^bpataje byen nou ak ^cpòv, chak moun dwe bay daprè sa li genyen, tankou ^abay moun ki grangou manje, abiye moun ki toutouni, vizite moun ki malad yo e ba yon soulajman espirityèl, ak tanporèl, daprè bezwen yo.

27 Epi fè tout bagay sa yo nan lasajès ak nan lòd; paske li pa nesèsè pou yon moun kouri ^aplis pase kouraj li. Men nan yon lòt sans, li nesèsè pou yon moun dilijan, pou l kapab ranpòte vik-twa; se poutèt sa, tout bagay dwe fèt nan lòd.

28 Epi m ta renmen nou sonje ke nenpòt moun ki prete nan men vwazen l dwe remèt bagay li te prete a, daprè jan kondisyon an te ye a, san sa n ap fè peche; e petèt n ap fè pwochen nou an fè peche tou.

29 Epi finalman, m pa kapab di nou tout fason nou kapab fè peche; paske gen anpil fason ak mwayen, tèlman gen anpil m pa kapab konte yo.

30 Men sèlman sa m kapab di nou, si nou pa ^aveye tèt nou, ak ^bpanse nou yo, ak ^cpawòl nou yo, ak aksyon nou yo, pou nou respekte kòmandman Bondye yo, e kontinye nan lafwa bagay nou te tandè konsènan vini Senyè nou an, menm jouk nan finisman vi nou, nou dwe peri. E kounyeya, O mesyedam sonje e pa peri.

CHAPIT 5

Sen yo vin tounen pitit gason ak pitit fi Kris la pa mwayen lafwa—Konsa, yo vin pote non Kris la—Wa Benjamen egzòte yo pou yo rete fèm, e enfleksib nan bon zèv. Anviwon 124 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, lè wa Benjamen te fin pale konsa avèk pèp li a, li te voye moun nan pami yo, pou chèche konnen si pèp li a te kwè pawòl li te pale yo a.

2 Epi yo tout te rele ansanm, yo te di: Wi, nou kwè tout pawòl ou te pale nou yo; epi tou, nou konnen reyèlman yo se verite, akòz Lespri Senyè Toupisan an, ki te opere yon gwo ^achanjman nan nou, oubyen nan kè nou, ki fè nou pa gen okenn dispozisyon pou nou fè ^bmal ankò, men okontrè pou nou kontinye fè byen nètalkole.

3 Epi nou menm, pou tèt pa nou tou, nan bonte sanfen Bondye a,

25a D&A 56:17.

26a GE Mache, mache avèk Bondye.

b Jakòb 2:17–19.

c Zak. 7:10;

Alma 1:27.

GE Fè lacharite,

lacharite.

d Eza. 58:10–11;

D&A 104:17–18.

27a D&A 10:4.

30a Alma 12:14.

GE Santinèl, veye.

b Mak 7:18–23.

GE Ppanse (lide).

c Mat. 15:18–20.

GE Pwofanasyon.

5 2a Alma 5:14.

GE Fèt ankò, fèt

nan Bondye.

b Alma 19:33.

ak manifestasyon Lespri li, nou gen gwo vizyon konsènan sa ki pral rive; e si li nesèsè, nou ta kapab pwofetize tout bagay.

4 Epi se lafwa nou te genyen nan bagay wa nou an te pale nou an ki fè nou gen gwo kone-sans sa a, ki fè nou rejwi ak an-pil lajwa.

5 Epi nou vle fè "alyans ak Bondye nou an pou nou fè volonte l, e pou nou obeyi kòmandman l yo nan tout bagay li ap kòmande nou, tout rès lavi nou, pou nou pa atire yon ^btouman ki p ap janm fini sou nou, jan ^czanj lan te di a, pou nou pa bwè nan tas kòlè Bondye a.

6 E kounyeya, se pawòl sa yo menm wa Benjamen te vle tande nan bouch yo; epi konsa, li te di yo: nou te pale pawòl m te vle tande yo; e alyans nou te fè a se yon alyans ki te jis.

7 Epi kounyeya, poutèt alyans nou te fè a, yo ap rele nou "pitit Kris la, pitit gason ak pitit fi l; paske gade, jodi a li te ^bba nou nesans espiryèlman; paske nou di konsa ^ckè nou chanje pa mwanyen lafwa nan non l; se poutèt sa li te ba nou ^dnesans e nou vin tounen ^epitit gason ak pitit fi l.

8 Epi avèk tit sa a nou vin gen "libète, e pa gen okenn lòt ^btit ki kapab ba nou libète. Pa gen okenn lòt ^cnon k ap pote sali a;

se poutèt sa, m ta renmen pou nou ta ^dpran non Kris la sou nou, tout ki te fè alyans avèk Bondye pou nou kapab obeyisan jouk nan finisman lavi nou.

9 Epi, se pral konsa, nenpòt moun ki fè sa li ap gen plas bò kote dwat Bondye, paske l ap konnen non moun k ap rele l; paske yo ap rele l nan non Kris la.

10 Epi, kounyeya, se pral konsa, nenpòt moun ki pa pran non Kris la sou li, yo dwe rele l pa yon "lòt non; se poutèt sa, li ap gen plas li bò ^bkote goch Bondye.

11 Epi m ta renmen pou nou ta sonje tou ke se "non sa a m te di m ta p ba nou an e ki p ap janm efase a, eksepte si se ta nan transgresyon; se poutèt sa, fè atansyon pou nou pa transgrese, pou non an pa efase nan kè nou.

12 M ap di nou, m ta renmen nou sonje pou nou toujou "kenbe non an nan kè nou, pou nou kapab pa gen plas bò kote goch Bondye, men pou nou tande e pou nou konnen vwa k ap rele nou an e nan non yo pral rele nou an.

13 Paske, kòman yon nonm ap fè "rekonèt yon mèt li pa sèvi, e ki se yon etranje pou li, e ki pa nan panse l ak desizyon kè l?

14 Epi ankò, èske yon moun ka ap pran yon bourik ki pou vwa-

5a Mozya 18:10.

b Mozya 3:25-27.

c Mozya 3:2.

7a Mozya 27:24-26;
Moyiz 6:64-68.

GE Pitit gason ak
pitit fi Bondye.

b GE Pitit literal.

c GE Kè.

d Mozya 15:10-11.

GE Fèt ankò,

fèt nan Bondye.

e D&A 11:30.

8a Wom. 6:18;

Gal. 5:1;

Ela. 14:30.

b Tra. 4:10, 12;

Alma 21:9.

c Mozya 26:18.

d Tra. 11:26;

Alma 46:15.

10a Alma 5:38-39.

b Mat. 25:33.

11a Mozya 1:11-12.

GE Jezikri—Pran

non Jezikri avèk
nou.

12a D&A 18:23-25.

13a Mozya 26:24-27.

zen l epi, pou l kenbe l? M di nou Non; li p ap menm kite bou-rik la manje nan pami twoupo li, okontrè, l ap mete l deyò e l ap chase l. M ap di nou, se sa k ap pase nan pami nou si nou pa konnen nan ki non yo pral rele nou an.

15 Se poutèt sa, m ta renmen pou nou fèm, inebranlab, toujou fè bon zèv an abondans, pou Kris la, Senyè Bondye Tou-pisan an, kapab ^asele nou kòm moun pa l, pou nou kapab ale nan syèl la, pou nou kapab gen sali a pou tout tan ak lavi etènèl la, gras a sajès, ak pouvwa, ak jistis, ak mizèrikòd moun ki te ^bkreye tout bagay yo, nan syèl la ak sou tè a, ki se Bondye sou tè tout bagay. Amèn.

CHAPIT 6

Wa Benjamen anrejistre non moun yo e li chwazi prèt pou ansenye yo—Mozya reye kòm yon wa ki pi jis. Anviwon 124–121 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya wa Benjamen panse li te nesèsè, lè l te fin pale avèk pèp li a, pou l te ^apran non moun ki te fè alyans avèk Bondye, pou yo respekte kòmandman l yo.

2 Epi, pa t gen yon nanm, ek-septe ti moun piti yo, ki pa t fè alyans, e ki pa t pran non Kris la sou yo.

3 Epi ankò, se te konsa, wa

Benjamen te fini avèk tout bagay sa yo, e li te konsakre piti gason l lan, ^aMozya, wa ak dirijan nan pami pèp li a, e li te ba l responsablite konsènan Wa-yòm nan, li te ^bnonmen prèt pou ^cansenye pèp la, pou yo kapab tande e pou yo kapab konnen kòmandman Bondye yo, pandan fè yo sonje ^dsèman yo te fè a, li te ranvwaye fowl moun yo, e chak moun te tounen lakay pa yo avèk fanmi yo.

4 Epi, ^aMozya te kòmanse reye nan plas papa l. Li te kòmanse reye lè l te gen trant ane, sa ki fè antou katsan-swasann-sis ane depi ^blè Leyi te kite Jerizalèm.

5 Wa Benjamen te viv twa ane, e l te mouri.

6 Epi, se te konsa, wa Mozya te mache nan chemen Senyè a, li obsève jijman ak regleman l yo, e l te respekte kòmandman l yo nan tout sa l te kòmande l.

7 Epi wa Mozya te fè pèp li a kiltive tè a. Epi, li menm tou, li te kiltive tè a pou l kapab ^apa tounen yon chay pou pèp la, pou l kapab fè tankou papa l nan tout bagay. Epi, pa t gen chirepit nan pami pèp li a pou twa ane.

CHAPIT 7

Amon jwenn peyi Leyi-Nefi a, kote Limi se wa—Pèp Limi an nan esklavaj anba Lamanit yo—Limi rakonte istwa yo—Yon pwofèt

15a GE Apèl ak eleksyon; Sanktifikasyon.

b Kol. 1:16;
Mozya 4:2;
Alma 11:39.

6 1a D&A 128:8.

3a Mozya 1:10;
2:30.

b GE Òdinasyon,
òdone.

c Alma 4:7.

d Mozya 5:5–7.

4a GE Mozya, piti gason Benjamen.

b 1 Ne. 1:4.

7a 2 Kor. 11:9.

(Abinadi) te temwaye Kris la se Bondye a, e li se Papa tout bagay—Moun ki simen kras, yo rekòlte tanpèt, e moun ki mete konfyans yo nan Senyè a, ap delivre. Anviwon 121 ANVAN JEZIKRI.

EPI, kounyeya, apre wa Mozya te fin gen lapè nètalkole pandan twa ane, li te vle konnen sa k te pase moun ki ^at al rete nan peyi Leyi-Nefi a, oubyen nan vil Leyi-Nefi a; paske, pèp li a pa t gen nouvèl yo ditou depi lè yo te kite peyi ^bZarayemla a; se poutèt sa, yo ta p plede fatige l avèk kesyon.

2 Epi, se te konsa, wa Mozya te bay pèmision pou sèz nan pami gason ki gen fòs yo monte nan peyi Leyi-Nefi a, pou chèche konnen sa k te pase frè yo.

3 Epi, se te konsa, nan demen, yo te kòmanse monte; pami yo, te genyen yon sèten Amon, li te yon gwo nèg pisan, se te yon desandan Zarayemla; e se li ki te chèf yo tou.

4 Epi kounyeya, yo pa t konnen ki wout pou yo te fè nan dezè a pou yo monte nan peyi Leyi-Nefi a; se poutèt sa, yo te pèdi pandan anpil jou nan dezè a, yo te menm pèdi pandan karant jou.

5 Epi, lè yo te fin pèdi pandan karant jou, yo te vin jwenn yon kolin, ki nan nò peyi ^aChilòm nan, se la yo te plante tant yo.

6 Epi, Amon te pran twa nan frè l yo, non yo se te Amaleki, Elèm, ak Èm, e yo te desann nan peyi ^aNefi a.

7 Epi, yo te rankontre wa pèp

ki nan peyi Nefi a, ak nan peyi Chilòm nan; gad wa a te antoure yo, yo te pran yo, yo te mare yo, epi yo te mennen yo nan prizon.

8 Epi gade, se te konsa, apre yo te rete nan prizon pandan de jou, yo te mennen yo devan wa a ankò, e yo te demare yo; yo te kanpe devan wa a, e yo te gen pèmision, oubyen yo te resevwa kòmandman pou yo reponn kesyon li ta p poze yo.

9 Epi, li te di yo: Gade, m se ^aLimi, pitit gason Noye, ki te pitit gason Zenif, ki te sòti nan peyi Zarayemla pou l te vin eritye tè sa a, ki te tè zansèt li yo, kè pèp la te nonmen wa.

10 Epi kounyeya, m vle konnen ki kòz ki te fè nou vini kareman prè miray vil la, lè mwen menm, pou tè pa m, m te avèk gad mwen yo deyò baryè a?

11 Se poutèt rezon sa a, m te kite yo prezève nou, pou m te kapab kesyone nou, si se pa t sa, m ta dwe fè gad mwen yo touye nou. Nou gen pèmision pou nou pale.

12 Epi kounyeya, lè Amon te wè li gen pèmision pou l pale, li te avanse e li te bese tè devan wa a; li te leve ankò e li te di: O wa, m rekonesan anpil devan Bondye jodi a poutèt m vivan toujou, e poutèt m gen pèmision pou m pale; e m pral eseye pale kareman;

13 Paske, m sèten, si ou te konnen m, ou pa ta p kite kòd sa yo mare m. M rele Amon, m se yon desandan ^aZarayemla, e m te sòti nan peyi Zarayemla a, pou

7 ^{1a} Omni 1:27-30.
^b Omni 1:13.

5a Mozya 9:6, 8, 14.
6a 2 Ne. 5:8.

9a Mozya 11:1.
13a Omni 1:12-15.

m te kapab chèche konnen sa k pase frè m yo, Zenif te mennen nan peyi sa a.

14 Epi, kounyeya, se te konsa, lè Limi te fin tandè pawòl Amon yo, li te kontan anpil, epi li te di: Kounyeya, m konnen sè-tènman frè m yo ki te nan peyi Zarayemla a, toujou vivan. Kounyeya, m ap rejwi; e demen m pral fè pèp mwen an rejwi tou.

15 Paske gade, nou nan esklavaj anba Lamanit yo, e yo ^atakse nou avèk yon taks ki twòp pou nou sipòte. Epi kounyeya, frè nou yo pral delivre nou anba esklavaj; oubyen nan men Lamanit yo, e nou pral tounen esklav yo; paske li pi bon pou nou tounen esklav Nefit yo pase pou nou peye wa Lamanit la taks.

16 Epi kounyeya, wa Limi te kòmande gad li yo pou yo pa mare Amon ankò, ni frè l yo ankò, men li te fè yo ale nan kolin ki te nan nò peyi Chilòm nan, pou yo te mennen frè yo nan vil la, pou yo te kapab manje, bwè, repoze apre fatig vwayaj yo a; paske yo te soufri anpil bagay; yo te soufri gran-gou, swaf, ak fatig.

17 Epi, se te konsa, kounyeya, nan demen, wa Limi te voye yon pwoklamasyon nan pami tout pèp li a, pou yo te kapab rasanble ansanm nan ^atanp lan, pou yo te kapab tandè pawòl li ta pral pale yo.

18 Epi, se te konsa, lè yo te fin rasanble ansanm, li te pale avèk

yo, li di konsa: O, nou menm pèp mwen an, leve tèt nou, e konsole nou; paske gade, lè a rive oubyen li pa lwen pou nou sispann rete soumèt nou anba ènmi nou yo, malgre tout efò nou yo ki te anven; men, m kwè gen yon lòt efò pozitif ki pou fèt.

19 Se poutèt sa, leve tèt nou e rejwi, mete konfyans nou nan ^aBondye, nan Bondye sa a ki te Bondye Abraram, ak Izarak ak Jakòb la; epi tou, Bondye sa a ki te ^bmennen pitit Izrayèl yo sòti nan peyi Ejipt la, ki te fè yo travèse Lanmè Wouj la sou tè sèch, epi ki te nouri yo avèk ^clamàn pou yo pa t peri nan dezè a; e li te fè anpil lòt bagay pou yo ankò.

20 Epi ankò, menm Bondye sa a te mennen zansèt nou yo ^asòti peyi Jerizalèm nan; li te gade, e li te prezève pèp li a jouk kounyeya, epi se poutèt inikite ak abominasyon nou yo ki fè li te mennen nou nan esklavaj.

21 Epi tout moun ki la a temwen jodi a, ke Zenif yo te nonmen wa sou pèp sa a, li te ^atwò chofo pou l eritye tè zansèt li yo; se poutèt sa, wa Laman te twonpe l nan mètdam ak riz. Li te siyen kontra avèk wa Zenif pou l ba li yon pati nan peyi a, oubyen, menm vil Leyi-Nefi a, ak vil Chilòm nan, ak tè alantou yo—

22 Epi li te fè tout sa pou yon sèl rezon; pou l te ^amennen pèp sa a nan soumisyon oubyen nan

15a Mozya 19:15.

17a 2 Ne. 5:16.

19a Egz. 3:6;

1 Ne. 19:10.

b Egz. 12:40–41;

Alma 36:28.

c Egz. 16:15, 35;

Nonb 11:7–8;

Joz. 5:12.

20a 1 Ne. 2:1–4.

21a Mozya 9:1–3.

22a Mozya 10:18.

esklavaj. Epi kounyeya, nou peye wa Lamanit yo yon taks ki se valè mwatye nan mayi nou, ak lòj nou, ak tout kalite grenn nou genyen, ak mwatye nan pwodui twoupo nou yo, ak bèt nou yo; e wa Lamanit yo reklame mwatye nan tout bagay nou genyen oubyen posede oubyen lavi nou.

23 Epi kounyeya, èske bagay sa a pa di pou nou sipòte? Èske afliksyon nou an pa anpil? Kounyeya gade, nou gen anpil rezon pou nou plenyen.

24 Wi, m ap di nou gen anpil rezon pou nou plenyen; paske gade yo te touye anpil nan frè nou yo, epi san yo te koule pou granmesi; e tout sa te fèt poutèt inikite.

25 Paske, si pèp sa a pa t tonbe nan transgresyon, Senyè a pa t ap kite gwo malè sa a tonbe sou li. Men, yo pa t vle tandè pawòl li yo; chirepit te leve nan pami yo jistan yo te vèsè san nan pami yo.

26 Epi, yo te touye yon "pwofèt Senyè a, wi, yon nonm Bondye te chwazi, ki te pale yo de mechanste ak abominasyon yo, ki te pwofetize konsènan anpil bagay ki dwe rive, wi menm konsènan vini Kris la.

27 Epi, poutèt li te di yo Kris la se "Bondye a, Papa tout bagay, e li te di Kris la ta pral pran imaj sa a lòm, e se te pral dapre ^bimaj lòm te kreye nan kòmansman an; oubyen otreman, li te di lòm te kreye dapre imaj

"Bondye, e Bondye ta pral vini nan pami pitit lèzòm pou l pran chè ak san sou kò l, e pou l mache sou sifas tè a—

28 Epi kounyeya, poutèt li te di sa, yo te touye l; e yo te fè anpil lòt bagay ki te fè kòlè Bondye desann sou yo. Se poutèt sa, ki moun ki ta etone paske yo tonbe nan esklavaj, e paske yon gwo afliksyon tonbe sou yo?

29 Paske Senyè a te di: M p ap "sekouri pèp mwen an nan jou transgresyon yo, men m ap bare wout yo pou yo pa pwospere; e aksyon yo pral tankou yon obstak devan yo.

30 Epi, li di ankò: Si pèp mwen an simen "kras, y ap ^brekòlte pay nan tanpèt; e konsekans lan se pwazon.

31 Epi, li di ankò: Si pèp mwen an simen kras, y ap rekòlte "van k ap sòti nan lès, ki pote destriksyon rapid.

32 Epi kounyeya, gade, pwomès Senyè a akonpli, li frape nou e nou tonbe nan afliksyon.

33 Men, si "nou tounen vin jwenn Senyè a ak tout kè nou, si nou mete konfyans nou nan li, e si nou sèvi l avèk tout dilijans panse nou, si nou fè sa, l ap delivre nou anba esklavaj dapre volonte l ak plèzi pa l.

CHAPIT 8

Amon ansenye pèp Limi an—Li vin konnen egzistans vennkat plak

26a Mozya 17:12–20.

27a GE Bondye, Divinite.

b Jen. 1:26–28;

Etè 3:14–17;

D&A 20:17–18.

c Mozya 13:33–34; 15:1–4.

29a 1 Sam. 12:15;

2 Kwo. 24:20.

30a GE Sal, salte.

b Gal. 6:7–8;

D&A 6:33.

GE Rekòt.

31a Jer. 18:17;

Mozya 12:6.

33a Mòm. 9:6.

Jaredit yo—Vwayan kapab tradui ansyen rejis—Okenn don pa pi gran pase don vwayan. Anviwon 121 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, lè wa Limi te fin pale avèk pèp li a, paske, li te di yo anpil bagay, e m te sèlman ekri kèk ladan yo nan liv sa a, li te di pèp li a tout bagay konsènan lòt frè yo ki te nan peyi Zarayemla a.

2 Epi, li te fè Amon kanpe devan fowl moun yo pou l rakonte yo tout sa k te pase frè yo depi lè Zenif te monte kite peyi a jistan li menm te vin kite peyi a tou.

3 Epi tou, li te rakonte yo dènye pawòl wa Benjamen te anseye yo, e li te esplikè yo bay pèp wa Limi an pou yo kapab konprann tout pawòl li te pale.

4 Epi, se te konsa, lè li te fin fè tout bagay sa yo, wa Limi te ranvwaye fowl moun yo, e li te fè chak moun retounen lakay yo.

5 Epi, se te konsa, li te fè pote plak ki gen "istwa pèp li a, depi lè yo te kite peyi Zarayemla a, devan Amon pou l kapab li yo.

6 Kounyeya, sito Amon te fin li rejis la, wa a te mande l si l kapab entèprete lang, e Amon te di l, li pa t kapab.

7 Epi, wa a te di l: Paske m te gen lapenn pou afliksyon pèp mwen an, m te fè karann twa moun nan pèp mwen an vwayaje nan dezè a, pou yo te kapab jwenn peyi Zarayemla a, pou nou mande frè nou yo pou yo delivre nou anba esklavaj.

8 Epi, yo te pèdi nan dezè a

pandan anpil jou. Malgre yo te dilijan, yo pa t jwenn peyi Zarayemla a, men yo te retounen nan peyi sa a, lè yo te fin vwayaje nan yon peyi ki gen anpil dlo, lè yo te fin dekouvri yon peyi ki te kouvri avèk zo moun, ak zo bèt, e ki te kouvri avèk anpil kay kraze; lè yo te fin dekouvri yon peyi ki te gen yon pèp ki te rete ladan l, ki te anpil tankou moun Izrayèl yo.

9 Epi, pou yo pwouve bagay yo te di yo se verite, yo te pote "vennkak plak ki te chaje avèk ekriti, e yo te fèt avèk bon lò.

10 Epi tou, yo te pote "pwoteksyon ki laj, e yo fèt avèk ^beren ak kuiv, e yo te an trèbòn eta.

11 Epi ankò, yo te pote epe; manch yo te fini, wouy te manje lam yo, e pa gen pèsonn nan peyi a ki kapab entèprete lang oubyen ekriti ki sou plak yo. Se poutèt sa, m te di ou: Èske ou kapab tradui?

12 Epi, m di w ankò: Èske w konnen yon moun ki kapab tradui? Paske m vle pou rejis sa yo ta tradui nan lang pa nou an; paske, petèt, yo ta ban nou konnesans konsènan rès pèp ki te detwi a, kote rejis sa yo sòti a; oubyen; petèt, yo ta ban nou konnesans konsènan pèp sa a ki te detwi a; e m ta renmen konnen kòz ki te fè yo detwi a.

13 Kounyeya, Amon te di l: O wa, m kapab asireman pale ou konsènan yon nonm ki kapab "tradui rejis yo; paske li gen yon bagay pou l gade pou l kapab tradui nenpòt ansyen rejis;

8 5a Mozya 9-22.
9a Etè 1:1-2.

10a Etè 15:15.
b Etè 10:23.

13a Mozya 28:10-17.

e se yon don Bondye ba li. Bagay sa yo rele ^bentèprèt, e pèsonn pa kapab gade ladan yo si Bondye pa kòmande l, pou l pa gade sa l pa dwe gade e pou l pa peri. Epi nenpòt moun ki resevwa kòmandman pou gade ladan yo, moun sa a se yon ^cvwayan.

14 Epi, wa pèp ki nan peyi Zarayemla a se moun ki resevwa kòmandman pou fè bagay sa yo, epi se li ki gen gran don sa, Bondye ba l.

15 Epi, wa a te di konsa, yon vwayan pi gran pase yon pwofèt.

16 Epi, Amon te di konsa, yon vwayan se yon revelatè ak yon pwofèt tou; e pèsonn pa kapab genyen yon pi gran don, eksepte si li ta posede pouvwa Bondye, pèsonn pa kapab posede l; men, yon nonm kapab jwenn gwo pouvwa nan men Bondye.

17 Men yon vwayan kapab konnen bagay ki pase ak bagay ki gen pou rive, e se pa yo menm, tout bagay pral revele, pito, bagay sekre pral devwale, bagay kache pral vin nan limyè, e bagay moun pa konnen yo, bagay moun pa ta kapab konnen otreman.

18 Konsa, Bondye te fè yon mwayen pou lòm kapab fè gwo mirak avèk lafwa; se poutèt sa, li vin tounen yon gwo benefis pou pwochen l yo.

19 Epi kounyeya, lè Amon te fin pale pawòl sa yo, wa a te rejwi anpil, e li te di Bondye mèsi; li di: San dout, gen yon

“gwo mistè sou plak sa yo, e san dout, entèprèt sa yo te prepare pou yo kapab ouvè tout mistè sa yo pou pitit lèzòm.

20 O zèv Senyè yo se gwo mèvèy, epi konbyen tan li pran pasyans avèk pèp li a; wi, konpreyansyon pitit lèzòm avèk ak enpenetrab anpil, paske yo pa vle chèche lasajès, epi tou, yo pa vle pou “lasajès ta dirije yo!

21 Wi, yo tankou twoupo sovaj k ap kouri devan bèje a, ki dispèse, bèt nan forè a pousuiv yo e devore yo.

REJIS ZENIF LA—Istwa pèp li a, depi nan epòk yo te kite peyi Zarayemla a jouk nan epòk yo te delivre anba men Lamanit yo.

Depi nan chapit 9 jouk nan finisman chapit 22.

CHAPIT 9

Zenif dirije yon gwoup sòti nan Zarayemla pou posede peyi Leyi-Nefi a—Wa Lamanit yo ba yo pèmisyon pou yo eritye peyi a—Gen lagè pami Lamanit yo ak pèp Zenif la. Anviwon 200–187 ANVAN JEZIKRI.

MWEN menm Zenif, m te ens-twi nan tout lang Nefit yo, m te konnen “peyi Nefi a, ou-byen, premye tè zansèt nou yo te eritye a, yo te voye m a l fè espyonaj nan pami Lamanit yo pou m te kapab dekouvri fòs yo, pou lame nou an te kapab tonbe sou yo pou l detwi

13b GE Ourim ak Toumim.
c GE Vwayan.

19a Etè 3:21–28; 4:4–5.
20a Pwov. 9:1; Mat. 11:19.

9 1a 2 Ne. 5:5–8;
Omni 1:12.

yo—men, lè m te wè sa k te bon lakay yo, m pa t vle pou yo detwi yo.

2 Se poutèt sa, m te fè diskisyon avèk frè m yo nan dezè a, paske m ta vle pou dirijan nou yo ta siyen lapè avèk yo; men se te yon nonm sinik ak sanginè, li te kòmande pou yo touye m; men, m te sòti vivan nan mitan pakèt santèn; paske papa t ap goumen avèk papa, frè t ap goumen avèk frè pi fò nan lame nou an te detwi nan dezè a; e moun ki pa t mouri yo, te retounen nan peyi Zarayemla a pou yo rakonte madanm yo ak pitit yo istwa a.

3 Epi, m te chofe anpil pou m eritye tè zansèt nou yo, m te rassemble tout moun ki te vle ale pou posede tè a; e nou te rekòmanse vwayaj nou nan dezè a pou nou ale nan peyi a; men anpil famin ak aflikasyon ensipòtab te frape nou paske nou te lan pou nou sonje Senyè a, Bondye nou an.

4 Men, apre nou te fin pèdi nan dezè a pandan anpil jou, nou te plante tant nou kote frè nou yo te mouri a, ki te pre tè zansèt nou yo.

5 Epi, se te konsa, m te ale avèk kat nan moun mwen yo ankò nan vil la, kote wa a, pou m te kapab konnen dispozisyon wa a e pou m te kapab konnen si m ta kapab a l posede tè a avèk frè m yo nan lapè.

6 M te ale kote Wa a, e li te fè alyans avèk mwen pou m posede peyi Leyi-Nefi a ak peyi Chilòm nan.

7 Epi, li te kòmande pèp li a pou l sòti nan peyi a pou mwen menm ak pèp mwen an te kapab posede l.

8 Epi, nou te kòmanse bati kay, e repare miray vil la, wi, miray vil Leyi-Nefi a menm ak vil Chilòm nan.

9 Epi, nou te kòmanse laboure tè a. Nou te plante tout kalite grenn; mayi, ble, lòj, neyas, ak cheyòm ak grenn tout kalite fwi, e nou te kòmanse pwospere e nou te kòmanse vin anpil nan peyi a.

10 Se te riz ak mètdam wa Laman t ap fè pou l kapab “mete pèp mwen an nan esklavaj lè l te ban nou tè a pou nou te kapab posede l.

11 Se poutèt sa, se te konsa, lè nou te fin gen douzan nan peyi a, wa Laman te kòmanse santi l malalèz, li te pè pou pèp mwen an pa t vin anpil, pou yo pa t pran pouvwa sou yo e pou yo pa t tounen esklav yo.

12 Se te yon “pèp parese ak idolat; se poutèt sa, yo te vle fè nou tonbe nan esklavaj pou yo te kapab vale swè men nou; wi, pou yo te kapab fè fèt ak bèt nan jaden nou yo.

13 Se poutèt sa, se te konsa, wa Laman te pouse pèp li a pou yo te kapab fè lobo avèk pèp mwen an; e te kòmanse gen lagè ak chirepit nan peyi a.

14 Nan trèzyèm ane kòmandman m nan peyi Nefi a, lòtbò nan sid peyi Chilòm nan, pandan pèp mwen an t ap bay bèt yo dlo ak manje, e yo t ap laboure tè yo, anpil Lamanit te

tonbe sou yo, te kòmanse touye yo pou yo te pran bèt yo ak mayi nan jaden yo.

15 Wi, se te konsa, e tout moun yo pa t gen tan pran, yo te kouri nan vil Nefi a, e yo te mande m pwoteksyon.

16 Epi, se te konsa, m te ame yo avèk flèch, ak sab, ak epe, ak kouto, ak bout baton, ak fistibal ak tout kalite zam nou te kapab envante, e mwen menm ak pèp mwen an, nou ta l goumen avèk Lamanit yo.

17 Wi, avèk fòs Senyè a, nou ta l goumen avèk Lamanit yo; paske mwen menm ak pèp mwen an, nou te kriye anpil nan pye Senyè a pou l te kapab delivre nou anba men ènmi nou yo, paske nou te sonje delivrans zansèt nou yo.

18 Epi, Bondye te “tande kriye nou, e li te reponn priyè nou; e nou te ale avèk pouvwa l; wi, nou te ale kont Lamanit yo, e nan yon jou ak yon nuit nou te touye twamil-karann-twa; nou te touye yo jistan nou te mete yo deyò nan peyi nou an.

19 Epi, mwen menm, avèk men pa m; m te ede antere mò yo. Epi, avèk lapenn, ak lamanasyon, desan-swasan-diznèf nan frè nou yo te mouri.

CHAPIT 10

Wa Laman mouri—Pèp li a sovaj, ak fewòs e yo kwè nan move tradisyon—Zenif ak pèp li a defann tèt yo kont li. Anviwon 187–160 AN-VAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, nou te rekòmanse tabli wayòm nan ankò, nou te rekòmanse posede peyi a nan lapè. Epi, m te fè yo fè tout kalite zam pou lagè, pou m te kapab gen zam pou pèp mwen an pou lè Lamanit yo ta vin fè lagè avèk pèp mwen an.

2 Epi, m te mete gad tout alan-tou peyi a pou Lamanit yo pa t vin detwi nou san avèti; se konsa m te veye pèp mwen ak bèt mwen yo pou yo pa t tonbe nan men ènmi nou yo.

3 Epi, se te konsa, nou te eritye tè zansèt nou yo pandan anpil ane, wi, pandan vennde zan.

4 Epi, m te fè gason yo laboure tè a, e plante tout kalite “grenn ak tout kalite fwi.

5 Epi, m te fè fi yo trese, m te fè yo travay anpil, m te fè yo fè tout kalite twal, wi, ak tout kalite “rad pou nou kapab kouvri touni nou; se konsa nou te pwospere nan peyi a—Se konsa nou te nan lapè tout tan pandan vennde ane.

6 Epi, se te konsa, wa “Laman te mouri, e pitit gason l lan te kòmanse gouvène nan plas li. Epi, li te kòmanse pouse pèp li a nan rebelyon kont pèp mwen an; se poutèt sa, yo te kòmanse prepare pou lagè, pou yo vin goumen avèk pèp mwen an.

7 Men, m te voye espyon nan lantouraj peyi “Chèmlon an pou m te kapab dekouvri preparasyon yo pou m te kapab veye, pou yo pa t vin detwi pèp mwen an.

18a Mozya 29:20.
10 4a Mozya 9:9.

5a Alma 1:29.
6a Mozya 9:10–11; 24:3.

7a Mozya 11:12.

8 Epi, se te konsa, yo te monte nan nò peyi Chilòm nan ak tout kantite gason ki te ^aame avèk ^bflèch, ak epe, ak kouto ak wòch ak fistibal; e tèt yo te kale, san cheve, e te gen yon sentiwon kui nan ren yo.

9 Epi, se te konsa, m te fè fi ak timoun nan pèp mwen yo kache nan dezè a; epi tout granmoun ak tout jèn gason ki te kapab pote zam, m te fè yo rasanble ansanm pou goumen ak Lamanit yo, epi m te mete yo nan lòd; chak moun daprè laj yo.

10 Epi, se te konsa, nou te monte a l goumen ak Lamanit yo; e mwen menm, menm mwen ki fin granmoun, m te a l goumen ak Lamanit yo. Epi, se te konsa, nou te al goumen avèk ^afòs Senyè a.

11 Lamanit yo pat konn anven nan zafè Senyè a ni yo pa t konn fòs Senyè a. Se poutèt sa, yo te konte sou fòs pa yo. Se te yon pèp fò, daprè fòs lèzòm.

12 Se te yon pèp ^asovaj, fewòs, sanginè, yo te kwè nan ^btradisyon zansèt yo; ki vle di—Yo te kwè moun te chase yo nan peyi Jerizalèm poutèt inikite zansèt yo, e frè yo te maltrete yo nan dezè a ak lè yo t ap travèse lanmè a;

13 Epi, ankò moun te maltrete yo nan ^apremye peyi yo te eritye a, apre yo te fin travèse lanmè a; tout bagay sa yo te pase paske Nefi te gen plis

lafwa nan respektè kòmandman Senyè a yo—se poutèt sa, Senyè a te ^bfavorize l, paske Senyè a te tandè priyè l, e li te reponn yo, e li te dirije vwayaj yo nan dezè a.

14 Epi, frè l yo te fache kont li paske yo pa t ^akonprann travay Senyè a; yo te ^bfache kont li sou lanmè a tou paske yo te fè kè di kont Senyè a.

15 Epi, ankò, yo te fache kont li lè yo te rive nan tè pwomiz la, paske yo te di li te pran ^adireksyon pèp la nan men yo; e yo te eseye touye l.

16 Epi, ankò, yo te fache kont li paske li te pati nan dezè a jan Senyè a te kòmande l la, e li te pran ^arejis ki te ekri sou plakderen yo paske yo te di li te ^bvòlè yo.

17 Se konsa, yo te ansenye pitit yo pou yo rayi yo, pou yo asasinen yo, pou yo vòlè ak dechèpiye yo, e pou yo fè tout sa yo kapab pou detwi l; se poutèt sa, yo gen yon rayiman etènèl pou desandan Nefi yo.

18 Se poutèt rezon sa a menm wa Laman avèk riz li, ak manti, mètdam li, ak bèl pwomès li, li te twonpe m pou m mennen pèp mwen an nan peyi sa a, pou l te kapab detwi yo; wi, e nou te soufri tout tan sa a nan peyi a.

19 E kounyeya, mwen menm, Zenif, lè m te fin di pèp mwen an tout bagay sa yo konsènan Lamanit yo, m te ankouraje yo

8a Jawòm 1:8.

b Alma 3:4–5.

10a GE Konfyans, konfyè.

12a Alma 17:14.

b 2 Ne. 5:1–3.

13a 1 Ne. 18:23.

b 1 Ne. 17:35.

14a 1 Ne. 15:7–11.

b 1 Ne. 18:10–11.

15a 2 Ne. 5:3.

16a 2 Ne. 5:12.

b Alma 20:10, 13.

pou y a l batay avèk pouvwa yo, pou yo mete konfyans yo nan Senyè a; se poutèt sa, nou goumen avèk yo fasafas.

20 Epi, se te konsa, nou te pouse yo deyò nan peyi nou an ankò; e nou te tèlman touye yo ak raj, nou pa t kapab konte yo.

21 Epi, se te konsa, nou te retounen nan peyi nou ankò, e pèp mwen an te rekòmanse okipe bèt yo ak jaden yo.

22 Epi, paske m vin granmoun, m pase wayòm nan bay youn nan pitit gason mwen yo; se poutèt sa, m p ap pale plis. M mande pou Senyè a beni pèp mwen an. Amèn.

CHAPIT 11

Wa Noye dirije ak mekanste—Li pran plezi nan viv avèk anpil madanm ak metrès—Abinadi pwofetize pèp la pral tonbe nan esklavaj—Wa Noye vle wete lavi l. Anviwon 160–150 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, Zenif te pase wayòm nan bay Noye, youn nan pitit gason li yo; se poutèt sa, Noye te kòmanse gouvenè nan plas li, e li pa t mache sou tras papa l.

2 Paske gade li pa t respekte kòmandman Bondye yo, men li te mache dapre pwòp dezi kè l; li te gen anpil madanm ak “manmzèl, epi li te ^bfè pèp li a fè peche ak bagay ki abominab devan je Senyè a. Wi, e yo te fè ^cabominasyon seksyèl ak tout kalite mekanste.

3 Epi, li te fè yo peye taks, yon senkyèm nan tout sa yo te posede, yon senkyèm nan lò ak lajan yo, “zif yo, ak kuiv yo, ak eren ak fè yo; yon senkyèm nan bèt yo ak jaden yo.

4 Li te pran tout bagay sa yo pou l sipòte tèt pa l, ak madanm, ak metrès li yo; ak prèt li yo tou, ak madanm yo, ak metrès yo; se konsa li te chanje zafè Wayòm nan.

5 Paske li te revoke tout prèt papa l te konsakre yo, epi li konsakre lòt nan plas yo, lòt ki te gonfle kè yo avèk lògèy.

6 Wi, e se konsa yo te jwenn sipò nan parès yo, ak idolatri yo, ak abominasyon seksyèl yo, avèk taks Wa Noye te mete sou tèt pèp li a; se konsa, pèp la t ap travay anpil pou yo sipòte inikite.

7 Wi, epi tou, yo te vin tounen idolat paske wa a ak prèt li yo te twonpe yo avèk pawòl manti pou flate yo; paske yo te di yo bagay pou flate yo.

8 Epi, se te konsa, wa Noye te bati anpil gwo kay men lajè; li te dekore yo avèk bèl travay bwa rafine, ak tout kalite bagay presye, ak lò, ak lajan, ak fè, ak eren, ak zif, ak kuiv.

9 Epi, li bati yon gwo palè ak yon twòn nan mitan l, tout bagay sa yo te fèt avèk bwa rafine e yo te dekore avèk lò, avèk lajan, epi avèk bagay ki chè.

10 Epi, li te fè travayè yo travay avèk tout kalite materyo rafine andedan tanp lan; avèk bwa rafine, ak kuiv, ak eren;

11 2a Jakòb 3:5.
b 1 Wa 14:15–16;
Mozya 29:31.

c 2 Ne. 28:15.
3a NLE li vle di mo ki
sanble yo: adjekif,

“klere”; vèb “kouri
avèk plak metal.”

11 Epi, fotèy ki te fèt apa pou gran prèt yo, ki te depase tout lòt fotèy, li te fè dekore yo avèk bon lò; e li te fè mete sipò devan yo, pou prèt yo te kapab apiye kò yo, ak ponyèt yo lè y ap bay pèp li a pawòl san sans ak manti.

12 Epi, se te konsa, li te bati yon “fòtrès bò tanp lan; wi, yon fòtrès men wotè; li te tèlman wo, wa a te kapab kanpe nan tèt la pou l domine sou peyi Chilòm ak peyi Chèmlon ki te nan men Lamanit yo, e li te menm kapab domine tout peyi alantou yo.

13 Epi, se te konsa, li te fè bati anpil kay nan peyi Chilòm nan, e li te fè bati yon gwo fòtrès sou mòn ki nan kote nò peyi Chilòm nan, ki te sèvi kòm refij pou desandan Nefi yo lè yo te sove kite peyi a. Se konsa li te fè avèk richès li te pran kòm taks sou pèp li a.

14 Epi, se te konsa, li te mete lide l sou richès, e li te pase lavi l nan banbòch avèk madanm ak metrès li yo; se konsa prèt li yo te pase lavi yo avèk pwostitye tou.

15 Epi, se te konsa, li te plante pye rezen toupato nan peyi a; ak gildiv pou l kapab fè diven nan gaspiyaj; se poutèt sa, ni li, ni pèp li a te vin “dejwe nan bwè diven.

16 Epi, se te konsa, Lamanit yo te kòmanse vini sou pèp li a, kont ti gwoup pou yo touye yo nan jaden yo, e lè yo t ap bay bèt yo manje.

17 Epi, wa Noye te voye gad alantou pou mete yo deyò, men li pa t voye ase, e Lamanit yo te vini sou yo, touye yo, e sove avèk anpil nan bèt yo; se konsa Lamanit yo te kòmanse detwi yo, e montre rayiman pou yo.

18 Epi, se te konsa, wa Noye te voye lame li kont yo, lame a te pouse yo deyò, oubyen, li te pouse yo deyò pandan yon ti tan, se poutèt sa, li te retounen pran plèzi l avèk sa l te bwote apre batay la.

19 Epi kounyeya poutèt vik-twa sa a, yo te chaje kè yo avèk lògèy, yo te “fè lwanj pou fòs yo, yo te di, senkantèn pa yo kanpe devan milye Lamanit; se konsa yo te fè lwanj; yo te pran plèzi nan san, nan koule san frè yo, e sa te rive akoz mechanste wa a ak prèt yo.

20 Epi, se te konsa, te gen yon nonm nan pami yo ki te rele “Abinadi. Li te ale nan pami yo, e li te kòmanse pwofetize, li di: Men sa Senyè a di, e men jan li te kòmande m: Ale, epi di pèp sa a, men sa Senyè a di—Malè pèp sa a, paske m te wè abominasyon yo, ak mechanste yo, ak abominasyon seksyèl yo; e si yo pa repanti, m ap vizite yo nan kòlè m.

21 Epi si yo pa repanti e tounen vin jwenn Senyè Bondye yo a, m ap livre yo nan men ènmi yo; wi, e y ap tonbe nan “esklavaj; e ènmi yo ap aflije yo.

22 Epi, se pral konsa, y ap konnen m se Senyè a, Bondye yo a,

12a Mozya 19:5–6.
15a GE Pawòl Sajès.
19a D&A 3:4.

GE Lògèy.
20a GE Abinadi.
21a Mozya 12:2; 20:21;

21:13–15; 23:21–23.

e m se yon “Bondye jalou ki pini pèp mwen an pou inikite l.

23 Epi, se pral konsa, si pèp sa a pa repanti, e tounen vin jwenn Senyè a, Bondye yo a, y ap tonbe nan esklavaj, e pèsonn p ap delivre yo, eksepte Senyè a, Bondye Toupisan an.

24 Wi, epi se pral konsa, lè yo kriye ban mwen, m ap “lan pou m koute kriye yo; wi, e m ap kite ènmi yo frape yo.

25 Si yo pa repanti sou sak ak sann, e si yo pa kriye fò devan Senyè a, Bondye yo a, “m p ap tandè priyè yo, ni m p ap delivre yo nan afliksyon. Se konsa Senyè a di, e se konsa Senyè a kòmande m.

26 Kounyeya lè Abinadi te fin pale yo pawòl sa yo, yo te fache kont li; yo te vle wete lavi l; men, Senyè a te delivre l anba men yo.

27 Lè wa Noye te tandè pawòl Abinadi te pale pèp la, li te fache; e li di: Kisa Abinadi ye pou l ta jije pèp mwen an; oubyen, “ki sa Senyè a ye pou l ta voye gwo afliksyon sa a sou pèp mwen an?

28 M kòmande ou pou mennen Abinadi ban mwen pou m kapab touye l, paske li di bagay sa yo pou l kapab sòlve pèp mwen youn kont lòt, e pou l kapab pwovoke kontansyon nan pami pèp mwen an; se poutèt sa, m ap touye l.

29 Je pèp la te “vegle se poutèt sa, yo te ^bfè kè di kont pawòl Abinadi yo, e depi lè sa a, yo te

chèche mwayen pou yo pran l. Wa Noye te fè kè l di kont pawòl Senyè a yo, e li pa t repanti nan peche l yo.

CHAPIT 12

Yo mete Abinadi nan prizon poutèt li pwofetize konsènan destriksyon pèp la ak lanmò wa Noye—Fò prèt yo resite ak ekriti yo, e yo pretann yo gade lwa Moyiz la—Abinadi kòmanse ansenye yo dis kòmandman yo. Anviwon 148 AN-VAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa de ane te fin pase, Abinadi te vini degize nan pami yo pou yo te kapab pa rekonèt li; e li te kòmanse pwofetize nan pami yo, li di: Men sa Senyè a te kòmande m; li di—Abinadi, a l pwofetize pou pèp sa a, paske, yo te fè kè di kont pawòl mwen yo, yo pa repanti nan peche yo; se poutèt sa, m ap “chatye yo nan kòlè mwen, wi, nan move kòlè mwen, m ap chatye yo nan inikite ak abominasyon yo.

2 Wi, malè pou jenerasyon sa a! E, Senyè a di m: Lonje men w, e pwofetize; e di: Men sa Senyè a di: akòz inikite jenerasyon sa a, yo pral tonbe nan “esklavaj, e moun pral frape yo nan ^bfigi; wi, moun pral chase yo e yo pral touye yo, e zwazo rapas ak chyen, wi, ak bèt sovaj pral manje chè yo.

3 Epi, se pral konsa, “lavi wa

22a Egz. 20:5; Det. 6:15;

Mozya 13:13.

24a Miche 3:4;

Mozya 21:15.

25a Eza. 1:15; 59:2.

27a Egz. 5:2;

Mozya 12:13.

29a Moyiz 4:4.

^b Alma 33:20;

Ètè 11:13.

12 1a Eza. 65:6.

2a Mozya 11:21; 20:21;

21:13–15; 23:21–23.

^b Mozya 21:3–4.

3a Mozya 12:10.

Noye pral gen menm valè avèk yon rad yo mete nan yon ^bfou ki cho; paske li pral konnen m se Senyè a.

4 Epi, se pral konsa, m pral frape pèp mwen an avèk afliksyon ensipòtab; wi avèk ^afamin, lapès, e m pral ^bfè yo jemi tout lajounen.

5 Wi, epi m pral fè yo gen ^achay kwoke sou do yo, e moun pral pouse yo devan tankou bourik ki bèbè.

6 Epi, se pral konsa, m pral voye lagrèl nan pami yo pou frape yo, e ^avan ki sòti nan kote lès la pral frape yo tou, epi tè yo pral chaje ti ^bbèt ki pral ravaje jaden yo.

7 Epi, yon gwo lapès pral tonbe sou yo, e m pral fè tout bagay sa yo akoz ^ainikite ak abominasyon yo.

8 Epi, se pral konsa, si yo pa repanti m ap ^adetwi yo nèt sou tout sifas tè a; men, y ap kite ^bistwa dèyè, e m ap prezève istwa yo pou lòt nasyon k ap posede peyi a; wi, m ap fè sa menm pou m kapab dekouvri abominasyon pèp sa a, bay lòt nasyon. E, Abinadi pwofetize anpil bagay kont pèp sa a.

9 Epi, se te konsa, yo te fache kont li, yo te pran l, epi yo te mennen l mare devan wa a, e yo te di wa a: Men nou mennen yon nonm devan ou ki pwofetize move bagay kont pèp ou a, e li te di Bondye pral detwi yo.

10 E, li pwofetize move bagay

kont lavi ou tou, e li di lavi w ap tankou you rad nan yon fou ki limen.

11 Epi, li di ankò w ap tankou yon twons sa vle di tankou yon twons sèch nan jaden, bèt frape l jete atè epi yo mache sou li.

12 Epi, li di ankò w ap tankou yon flè pyebwa van voye pasipala sou sifas tè a lè l sèch. E, li pretann Senyè a di sa. Epi, li di tout bagay sa yo ap tonbe sou ou, si ou pa repanti poutèt inikite ou yo.

13 E kounyeya, O, wa, ki gran mal ou te fè, oubyen ki gwo peche pèp ou a te fè pou Bondye ta kondane nou oubyen pou nonm sa a jije nou?

14 E kounyeya O, wa, nou inosan e ou menm, O, wa, ou pa t fè peche, se poutèt sa, nonm sa a te fè manti sou ou, e li te pwofetize anven.

15 Epi gade, nou fò, nou p ap tonbe nan esklavaj, oubyen ènmi nou yo p ap fè nou prizon; wi, ou te pwospere nan peyi a; epi ou pral pwospere ankò.

16 Gade, men nonm nan, nou remèt li nan men w; fè sa vle avèk li.

17 Epi, se te konsa, wa Noye te fè mete Abinadi nan prizon; e li te kòmande ^aprèt yo rasanble ansanm pou l kapab òganize yon konsèy avèk yo konsènan sa li ta dwe fè avèk li.

18 Epi, se te konsa, yo te di wa a: Mennen l la a pou nou kapab

3^b Mozya 19:20.

4^a D&A 97:26.

^b Mozya 21:9-10.

5^a Mozya 21:3.

6^a Jer. 18:17;

Mozya 7:31.

^b Egz. 10:1-12.

7^a D&A 3:18.

8^a Alma 45:9-14.

^b Mòm. 8:14-16.

17^a Mozya 11:11.

kesyone l, e wa a te kòmande pou yo mennen l devan yo.

19 Epi, yo te kòmanse kesyone l pou yo fè l tonbe nan kontra-diksyon pou yo te kapab jwenn yon jan pou yo akize l; men, li te reponn yo kareman, li te kontrekare tout kesyon yo, wi, yo te sezi paske li te "kontrekare yo nan tout kesyon yo, e li te konfonn yo nan tout pawòl yo.

20 Epi, se te konsa, youn ladan yo te di l: Kisa pawòl ki ekri yo vle di, pawòl zansèt nou yo te ansenye yo, ki di:

21 Pye moun nan ki pote bòn nouvèl yo "bèl anpil sou mòn nan; moun sa a ki pibliye lapè a, ki anonse bòn nouvèl bon bagay; ki pibliye sali e ki di Siyon, Bondye w la ap renye.

22 Santinèl ou yo pral leve vwa yo; yo pral chante avèk yon sèl vwa; paske yo pral wè je nan je lè Senyè a mennen Siyon ankò;

23 Ponpe avèk lajwa; chante ansanm, plas vid Jerizalèm yo, paske Senyè a te rekonfòte pèp li a, li te rachte Jerizalèm.

24 Senyè a te dekouvri "ponyèt sentete li a devan je tout nasyon, e tout kwen latè a pral wè sali Bondye nou an?

25 Epi kounyeya, Abinadi te di yo: Èske nou se "prèt, e nou pretann ansenye pèp sa a, ak konprann Lespri pwofesi a, e malgre sa, nou vle m fè nou konnen si-yifikasyon bagay sa yo?

26 M ap di nou, malè pou nou,

poutèt nou chanje chemen Senyè a! Paske si nou konprann bagay sa yo, nou pa t ansenye yo; se poutèt sa, nou te chanje chemen Senyè a.

27 Nou pa dispoze kè nou pou l "konprann; se poutèt sa, nou pa gen lasajès. Kisa menm nou ansenye pèp sa a?

28 E, yo te di: Nou ansenye lwa Moyiz la.

29 Epi, li te di yo ankò: Si nou ansenye "lwa Moyiz la, poukisa nou pa obsève l? Poukisa nou mete lide nou sou richès? Poukisa nou fè "abominasyon seksyèl e nou gaspiye fòs nou nan pwostitye, wi, nou fè pèp sa a peche pou Senyè a kapab oblije voye m pwofetize kont pèp sa a, wi gwo mal sa kont pèp sa a?

30 Èske nou pa konnen m ap di verite? Wi, nou konnen m ap di verite, e nou dwe tranble devan Bondye.

31 Epi, se pral konsa, n ap frape pou inikite nou yo, paske nou di nou ansenye lwa Moyiz la. Kisa ou konnen nan zafè lalwa Moyiz? "Èske sali vini pa lwa Moyiz la? Kisa nou di konsènan sa?

32 Epi, yo te reponn, yo di konsa sali a vini pa lwa Moyiz la.

33 Men Abinadi te di yo: M konnen si nou respekte kòmandman Bondye yo, n ap sove, wi, si nou respekte kòmandman Senyè a te bay Moyiz yo sou mòn "Sinayi a ki di:

34 "M se Senyè Bondye nou an

19a D&A 100:5-6.

21a Eza. 52:7-10;
Nawoum 1:15.

24a 1 Ne. 22:11.

25a Mozya 11:5.

27a GE Konpreyansyon.

29a GE Lwa Moyiz.

b GE Adiltè.

31a Mozya 3:15;
13:27-32;

Alma 25:16.

33a Egz. 19:9, 16-20;

Mozya 13:5.

34a Egz. 20:2-4.

ki te fè nou ^bsòti nan peyi Ejipt la, nan kay esklavaj la.

35 Nou pa dwe gen ^alòt Bondye apre m.

36 Nou pa dwe fè okenn imaj taye, ni okenn bagay ki sanble avèk sa ki anlè nan syèl la, ak anba sou tè a.

37 Epi, Abinadi te di yo: Èske nou te fè sa? M ap di nou, non. Èske nou te ^aansenye pèp sa a pou yo fè bagay sa yo? M ap di nou, non, nou pa t fè l.

CHAPIT 13

Pouvwa divèn Bondye pwoteje Abinadi—Li ansenye dis kòmandman yo—Sali a pa vini atravè lwa Moyiz la sèlman—Bondye Li menm pral fè yon eksperyasyon pou L rachte pèp Li a. Anviwon 148 ANVAN JEZIKRI.

Epi kounyeya, lè wa a te tande pawòl sa yo, li te di prèt li yo: Ale avèk nonm sa a, e, touye l; paske, sa pou nou fè avèk li se yon moun fou.

2 Epi, yo te kanpe e chèche met men sou li; men, li te reziste anba yo, e li te di yo:

3 Pa touche m paske Bondye ap frape nou si nou mete men sou mwen; paske m poko bay mesaj Senyè a ban m bay la, epi tou mwen poko di nou sa nou te ^amande m nan; se poutèt sa, Bondye p ap kite nou detwi m kounyeya a.

4 Men, m dwe akonpli kò-

mandman Bondye ban mwen yo; e paske m te di nou verite a, nou fache kont mwen. Epi ankò, paske m te pale pawòl Bondye a, nou jije m tankou mwen fou.

5 Epi kounyeya, se te konsa, lè Abinadi te fin pale pawòl sa yo, pèp wa Noye a pa t pran chans leve men sou li, paske, Lespri Senyè a te avèk li, e figi l te ^aklere avèk yon gwo ekla menm jan Moyiz te ye lè l ta p pale avèk Senyè a sou mòn Sinayi a.

6 Epi, li te pale avèk ^apouvwa, e avèk otorite Bondye; e li te kontinye pawòl li, li di:

7 Nou wè, nou pa gen pouvwa pou nou touye m, se poutèt sa, m ap fini mesaj mwen an. Wi, mwen apèsi sa ^ablese kè nou paske m di nou verite konsènan inikite nou yo.

8 Wi, e pawòl mwen yo chaje nou avèk etònman ak sezisman, epi kòlè.

9 Men, m ap fini mesaj mwen an; e sa k pase m apre sa pa enpòtan, depi m sove.

10 Men, sa sèlman m di nou, nenpòt sa nou fè m apre sa, ap yon modèl epi ap yon ^aresanblans pou bagay ki pral rive nou.

11 Epi kounyeya, m ap li rèz ^akòmandman Bondye yo pou nou, paske, m apèsi yo pa ekri nan kè ou. M apèsi nou te edifye e nou te ansenye inikite prèske nan tout lavi nou.

12 Epi kounyeya, nou sonje m

34b Egz. 12:51;
1 Ne. 17:40;
Mozya 7:19.
35a Oze 13:4.
GE Idolatri.

37a Mozya 13:25–26.
13 3a Mozya 12:20–24.
5a Egz. 34:29–35.
6a GE Pouvwa.
7a 1 Ne. 16:2.

10a Mozya 17:13–19;
Alma 25:10.
11a Egz. 20:1–17.

te di nou: Nou pa dwe fè okenn imaj taye ni onkenn bagay ki sanble avèk sa ki anlè nan syèl la ak anba sou tè a, oubyen sa ki anba tè a.

13 Epi ankò, nou pa dwe bese tèt devan yo, ni sèvi yo; paske, mwen menm, Senyè a, Bondye nou an, m se yon Bondye jalou ki pini inikite papa sou tèt pitit, jouk nan twazyèm ak katriyèm jenerasyon moun ki rayi m yo.

14 Epi, m fè mizèrikòd jis nan mil jenerasyon pou moun ki renmen m yo epi ki obeyi kòmandman m yo.

15 Ou pa dwe site non Senyè Bondye nou an pou granmesi, paske, Senyè a p ap kite moun ki lonmen non l pou gran mèsè san pinisyon;

16 Sonje “jou saba a pou sanktifye l.

17 Travay sis jou, e fè tout travay ou;

18 Men setyèm jou a, jou saba Senyè Bondye a, ou pa dwe fè okenn travay, ni oumenm, ni pitit gason ou, ni pitit fi ou, ni sèvitè ou, ni bòn ou; ni bèt ou, ni vizitè ki lakay ou;

19 Paske, Senyè a te fè syèl la ak tè a, ak lanmè a ak tout sa ki ladan yo nan “sis jou; se poutèt sa, Senyè a te beni jou saba a, e li te sanktifye l.

20 “Respekte papa w ak manman w pou w kapab viv lontan

nan peyi Senyè Bondye w la ba ou a.

21 Ou pa dwe “touye.

22 Ou pa dwe fè “adiltè. Ou pa dwe ^bvòlè.

23 Ou pa dwe bay “fo temwayaj sou pwochen ou;

24 Ou pa dwe “konvwate kay vwazen ou; ou pa dwe konvwate madanm vwazen w; ni sèvitè l, ni bòn li; ni towò bèt li; ni bourik li, ni okenn bagay ki pou vwazen w.

25 Epi, se te konsa, lè Abinadi te fin pale pawòl sa yo, li te di yo: Èske nou te ansenye pèp sa a pou l te obsève tout bagay sa yo pou l kapab respekte kòmandman yo?

26 M di nou non, paske si nou te fè l Senyè a pa ta p fè m vin pwofetize konsènan peche pèp sa a.

27 Epi kounyeya, nou te di konsa, sali a vini nan “lwa Moyiz la. M di nou, li nesèsè pou nou respekte lwa Moyiz la toujou; men, m di nou, gen yon jou k ap vini, li ^bp ap nesèsè pou nou kenbe lwa Moyiz la ankò.

28 Epi anplis, m di nou, “sali a pa vini pa ^blwa Moyiz la sèlman; e san “ekspyasyon ke Bondye li menm gen pou l fè pou peche ak inikite pèp li a, yo t ap peri kanmèm, malgre lwa Moyiz la.

29 Epi kounyeya, m di nou, li te nesèsè pou yo te bay pitit Izra-

16a GE Jou Saba.

19a Jen. 1:31.

20a Mak 7:10.

21a Mat. 5:21–22;

D&A 42:18.

GE Ansasen.

22a GE Adiltè.

b GE Vòl, vòlè.

23a Pwov. 24:28.

GE Manti.

24a GE Konvwate.

27a GE Lwa Moyiz.

b 3 Ne. 9:19–20; 15:4–5.

28a Gal. 2:16.

GE Redanmtè,

restablisman,

redanmsyon;

Sali.

b Gal. 2:21;

Mozya 3:14–15;

Alma 25:15–16.

c GE Ekspyasyon,

ekspye.

yèl yo lalwa; wi, yon ^alalwa sevè menm; paske, se te yon pèp ki gen kou rèd, ki te tou ^bpare pou l fè inikite, men ki pran tan pou l sonje Senyè Bondye a.

30 Se poutèt sa, yo te resevwa ^alalwa a; wi yon lalwa pou akonplisman ak ^bòdonans, yon lalwa pou yo te ^cobsève avèk severite chak jou, pou fè yo sonje Bondye ak devwa yo pou li.

31 Men gade, m di nou, tout bagay sa yo ^asenbolize bagay ki pral rive.

32 Epi kounyeya èske yo te konprann lalwa a? M di nou, non, yo pa t konprann lalwa a; sa te rive poutèt kè yo ki te di; paske yo pa t konprann pèsonn pa kapab sove ^asi se pa pa mwayen redanmsyon Bondye a.

33 Paske gade, èske Moyiz pa t pwofetize ba yo konsènan Mesi ki t ap vini an, e Bondye gen pou l rachte pèp li a? Wi, e tout ^apwofèt nèt ki te pwofetize depi mond lan kòmanse—Èske yo pa t pale yon ti jan konsènan bagay sa yo?

34 Èske yo pa t di konsa, ^aBondye li menm gen pou l desann nan pami lèzòm, pou l pran fòm yon nonm, e li pral mache sou sifas tè a avèk gwo pouvwa?

35 Wi, e èske yo pa t di tou, li pral reyalize ^arezirèksyon mò yo, e li menm, yo pral oprime l epi yo pral aflije l?

CHAPIT 14

Ezayi pale konsènan Mesi a—Rapò konsènan imilyasyon ak soufrans Mesi a—Li ofri nanm Li kòm ofrann pou peche, epi Li plede pou transgresè yo—Konpare Ezayi 53. Anviwon 148 AN-VAN JEZIKRI.

WI, èske Ezayi menm pa t di: Ki moun ki te kwè rapò nou e ki moun Senyè a te lonje men bay?

2 Paske li pral grandi devan l tankou yon jèn pyebwa e tankou yon rasin pete sòti nan tè sèch; li pa gen fòm ni li pa bèl, e lè nou wè l, pa gen okenn bote nan li k ap fè nou renmen l.

3 Lèzòm rejte l, yo meprize l; se yon nonm ki nan lapenn, li nan soufrans; e se tankou nou kache figi nou pou li; li te meprize, e nou pa t respekte l.

4 Asireman, li te ^asipòte ^blapenn nou e li te pote tristès nou; poutan, nou te panse se te Bondye ki te frape l e ki te aflije l.

5 Men li te blese pou ^atransgresyon nou yo; yo te maltrete li pou inikite nou yo; chatiman ki pote lapè pou nou an te sou tèt li; e avèk mak li yo, nou ^bgeri.

6 Nou tout te pèdi tankou ^abrebi egare; nou chak te fè wout pa nou; e Senyè a te fè l pote inikite nou tout.

7 Li te oprime, li te aflije, men

29^a Joz. 1:7–8.

^b Alma 46:8.

30^a Egz. 20.

^b GE Òdonans yo.

^c Jakòb 4:5.

31^a Mozya 16:14;

Alma 25:15.

GE Senbòl.

32^a 2 Ne. 25:23–25.

33^a 1 Ne. 10:5;

Jakòb 4:4; 7:11.

34^a Mozya 7:27; 15:1–3.

GE Bondye, Divinité.

35^a Eza. 26:19;

2 Ne. 2:8.

14 4^a Alma 7:11–12.

^b Mat. 8:17.

5^a Mozya 15:9;

Alma 11:40.

^b 1 Pyè 2:24–25.

6^a Mat. 9:36;

2 Ne. 28:14;

Alma 5:37.

“li pa t ouvè bouch li; yo mennen l tankou yon ^bmouton nan labatwa, e tankou yon brebi bèbè devan moun k ap koupe plim li, li pa t ouvè bouch li.

8 Yo te rache l nan prizon ak nan jijman; kiyès ki pral rakonte desandan l yo? Paske yo te rejte l nan pami vivan yo, e yo te frape l pou transgresyon pèp mwen an.

9 Epi yo te mete tonm li nan pami pechè yo ak “rich yo lè l te mouri a; malgre li pa t fè ^bmal, ni move pawòl pa t sòti nan bouch li.

10 Men, sa te fè Senyè a plèzi pou l maltrete l; li te mete l nan lapenn; lè ou bay nanm li kòm ofrann pou peche, lè sa a, li pral wè “desandan l yo, li pral viv lontan, e Senyè a pral vin pi kontan nan peyi li a.

11 Li pral wè afliksyon nanm li, e li pral satisfè; avèk kone-sans li, bon sèvitè m yo pral jistifye anpil moun, paske, li pral “pote inikite yo.

12 Se poutèt sa, m pral ba li yon pòsyon avèk zotobre yo, e li pral separe avantaj la avèk zotobre yo paske li te bay nanm li pou l mouri; e li te konte nan pami transgresè yo; e li te pote

peche anpil moun, e li te “plede pou transgresè yo.

CHAPIT 15

Kijan Kris la se Papa ak Pitit Gason an alafwa—Li pral plede epi Li pral pote transgresyon pèp li a—Yo menm ak tout pwofèt sen yo, se desandan Li yo—Li rann rezirèksyon an posib—Timoun piti gen lavi etènèl. Anviwon 148 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, Abinadi te di yo: M ta vle pou nou konprann “Bondye li menm gen pou l desann nan pami lèzòm pou l ^brachte yo.

2 Epi paske li “abite nan kò fizik la, yo pral rele l Pitit Gason Bondye a, e paske li fè kò a obeyi volonte ^bPapa a, li se Papa a ak Pitit Gason an—

3 Li se Papa a “paske se pouvw Bondye ^bki te fè l, e li se Pitit Gason an, poutèt kò a; se konsa li vin tounen Papa a ak Pitit Gason an—

4 Epi, yo se “yon sèl Bondye a; wi ^bPapa “Etènèl syèl ak tè a menm.

5 Epi konsa, kò fizik la vin sou dominasyon Lespri a oubyen Pitit Gason an sou dominasyon Papa a; ki se yon sèl Bondye a;

7a Mak 15:3.

GE Jezikri.

b GE Pak (fèt juif);
Ti mouton Bondye.

9a Mat. 27:57–60;

Mak 15:27, 43–46.

GE Jozèf Arimate.

b Jan 19:4.

10a Mozya 15:10–13.

11a Lev. 16:21–22;

1 Pyè 3:18;

D&A 19:16–19.

12a 2 Ne. 2:9; Mozya 15:8;

Mowo. 7:27–28.

15 1a 1 Tim. 3:16;

Mozya 13:33–34.

GE Jezikri.

b GE Redanmtè,
restablisman,
redanmsyon.

2a Mozya 3:5; 7:27;

Alma 7:9–13.

b Eza. 64:8;

Jan 10:30; 14:8–10;

Mozya 5:7;

Alma 11:38–39;

Etè 3:14.

3a D&A 93:4.

b Lik 1:31–33;

Mozya 3:8–9;

Alma 7:10;

3 Ne. 1:14.

4a Det. 6:4;

Jan 17:20–23.

GE Bondye, Divinite.

b Mozya 3:8;

Ela. 14:12;

3 Ne. 9:15; Etè 4:7.

c Alma 11:39.

“li soufri tantasyon, e li pa lage bay tantasyon an; men li kite yo moke l, ^bbat li, chase l, e pèp li a ‘nye l.

6 Epi apre tout bagay sa yo, apre l fin fè anpil gwo mirak pami pitit lèzòm, yo ap kondi l, wi jan “Ezayi te di a, tankou yon brebi bèbè devan moun k ap raze li; li ^bpa t ouvè bouch li.

7 Wi, se konsa yo pral mennen l; “yo pral krisifye l, li pral mouri, kò li pral vin kapab mouri, volonte Papa a pral vale ^bvolonte Pitit Gason an.

8 Se konsa Bondye pral kase “kòd lanmò, li pral gen ^bvik-twa sou lanmò, li pral bay Pitit Gason an pouvwa pou l ‘plede pou pitit lèzòm—

9 Li monte nan syèl, zantray li plen mizèrikòd, li chaje konpasyon pou pitit lèzòm; li kanpe nan mitan yo avèk lajistis, li kase kòd lanmò, li pran inikite ak transgresyon yo sou “tèt pa l, li rachte yo, epi li ^bsatisfè egzijans lajistis.

10 Epi kounyeya, m di nou, kiyès ki pral desandan l? M di nou, lè nanm li vin tounen yon ofrann pou peche, lè sa a, l ap wè “desandan l yo. Epi kounyeya, kisa nou di nan sa? Kiyès ki desandan l?

11 Gade m di nou konsa, tout moun ki tandè pawòl “pwofèt yo, wi, tout pwofèt sen yo ki te pwofetize konsènan vini Senyè a—M di nou konsa, tout moun ki te koute pawòl yo e ki te kwè Senyè a ap rachte pèp li a, e ki espere nan jou sa a pou padon peche yo, m di nou konsa, se moun sa yo ki desandan l, oubyen, yo se eritye ^bwayòm Bondye a.

12 Paske se peche moun sa yo “li te pote; se pou moun sa yo li te mouri pou l rachte yo anba transgresyon yo; se moun sa yo ki desandan l.

13 Wi, e tout pwofèt yo, tout moun ki te ouvè bouch pou yo pwofetize, ki pa t tonbe nan transgresyon, m vle di, tout pwofèt sen depi mond lan te kòmanse, èske yo pa desandan l? M di nou, se desandan l yo ye.

14 Epi, se moun ki te “pibliye lapè yo, ki te pote bon nouvèl, bon bagay, ki te pibliye sali, e ki di Siyon: Bondye nou an ap gouvène!

15 O, pye yo te bèl anpil sou tèt mòn nan!

16 Epi ankò, pye moun k ap toujou pibliye lapè yo bèl anpil sou tèt mòn nan!

17 Epi ankò, pye moun ki gen

5a Lik 4:2; Ebre 4:14-15.

b Jan 19:1.

c Mak 8:31;

Lik 17:25.

6a Eza. 53:7.

b Lik 23:9;

Jan 19:9;

Mozya 14:7.

7a GE Krisifiksyon.

b Lik 22:42;

Jan 6:38;

3 Ne. 11:11.

8a Mozya 16:7;

Alma 22:14.

b Oze 13:14;

1 Kor. 15:55-57.

c 2 Ne. 2:9.

9a Eza. 53;

Mozya 14:5-12.

b GE Ekspyasyon, ekspye.

10a Eza. 53:10;

Mozya 5:7; 27:25;

Mowo. 7:19.

11a D&A 84:36-38.

b GE Sali;

Wayòm Bondye

oubyen wayòm

syèl la.

12a Mozya 14:12;

Alma 7:13; 11:40-41.

14a Eza. 52:7;

Wom. 10:15;

1 Ne. 13:37;

Mozya 12:21-24.

GE Travay misyonè.

pou yo pibliye lapè apre sa yo, wi, depi kounyeya, pou tout tan, pye yo pral bèl anpil sou tèt mòn nan.

18 Epi gade, m di nou, se pa tout ou Paske, O, “pye moun ki pote bòn nouvèl la, ki te kreye ^blapè a, wi, Senyè a menm, ki te rachte pèp li a, wi, li menm ki bay pèp li a sali a, pye l ap bèl anpil sou mòn nan.

19 Paske, si se pa t gen redanmsyon li te bay pèp li a, redanmsyon ki te prepare depi nan “fondasyon mond lan, m di nou, si se pa t gen sa, tout moun ta p ^bperi.

20 Men gade, kòd lanmò gen pou l kase, e Pitit Gason an ap gouvène, e li gen pouvwa sou lanmò; se poutèt sa, li reyalize rezirèksyon moun ki mouri yo.

21 Epi, ap gen yon rezirèksyon, yon “premye rezirèksyon menm; wi, yon rezirèksyon moun ki te la, moun ki la e moun ki ap la jouk nan rezirèksyon Kris la—Paske, se konsa l ap rele.

22 Epi kounyeya, rezirèksyon tout pwofèt yo ak tout moun ki te kwè nan pawòl pwofèt yo oubyen tout sa ki respekte kòmandman Bondye yo ap fèt nan premye rezirèksyon an; se poutèt sa, yo se premye rezirèksyon an.

23 Yo leve pou yo “viv avèk Bondye ki te rachte yo a; yo gen lavi pou tout tan nan Kris ki ^bkase kòd lanmò yo.

24 Epi, se moun sa ki ap patisipe nan premye rezirèksyon an; se moun ki te mouri nan iyorans yo, anvan Kris la te vini, yo pa t aprann anyen konsènan “sali a. Se konsa, Senyè a reyalize restorasyon moun sa yo; e yo pral patisipe nan premye rezirèksyon an, oubyen yo gen lavi etènèl, paske Senyè a rachte yo.

25 Epi, “ti moun piti yo gen lavi etènèl tou.

26 Men gade, ou dwe “gen lakrent, e tranble devan Bondye, paske nou dwe tranble paske Senyè a p ap rachte okenn moun ki fè ^brebèlyon kont li e ki “mouri nan peche yo; wi, menm tout moun ki mouri nan peche yo depi lè mond lan te kòmanse, moun ki chwazi pou yo fè rebelyon kont Bondye, moun ki te konnen kòmandman Bondye men ki pa t vle respekte yo; “se moun sa yo ki “p ap patisipe nan premye rezirèksyon an.

27 Se poutèt sa, èske nou pa dwe tranble? Paske moun konsa p ap gen sali; paske Senyè a pa rachte moun konsa; wi epi tou, Senyè a pa kapab rachte moun konsa; paske li pa kapab nye tèt li; paske li pa kapab nye “lajistis lè l gen dwa.

28 E kounyeya, m di nou, gen yon jou k ap vini, sali Senyè a ap “preche devan tout nasyon, tout fanmi, tout lang ak tout pèp.

18a 3 Ne. 20:40;
D&A 128:19.

b Jan 16:33.

GE Lapè.

19a Mozya 4:6.

b 2 Ne. 9:6–13.

21a Alma 40:16–21.

23a Sòm 24:3–4;

1 Ne. 15:33–36;

D&A 76:50–70.

b GE Lanmò, fizik.

24a 2 Ne. 9:25–26;

D&A 137:7.

25a D&A 29:46; 137:10.

GE Sali—Sali timoun.

26a Det. 5:29; Jakòb 6:9.

b 1 Ne. 2:21–24.

c Ezek. 18:26;

1 Ne. 15:32–33;

Mowo. 10:26.

d Alma 40:19.

e D&A 76:81–86.

27a Alma 34:15–16; 42:1.

28a GE Travay misyonè.

29 Wi, Senyè; “santinèl ou yo pral leve vwa yo; yo pral chante avèk yon sèl vwa; paske yo ap wè je nan je lè Senyè a mennen Siyon tounen ankò.

30 Chante ak lajwa, chante ansanm, nou menm, plas vid nan peyi Jerizalèm yo; paske Senyè a te rekonfòte pèp li a, li te rachte Jerizalèm.

31 Senyè a te dekouvri sentete l la devan tout nasyon, e tout kwen tè a pral wè sali Bondye nou an.

CHAPIT 16

Bondye rachte lèzòm anba eta pèdisyon ak chit yo a—Moun ki chanèl yo rete kòm si pa t janm gen redanmsyon—Kris la reyalize yon rezirèksyon pou lavi pa janm fini oubyen pou kondanasyon pa janm fini. Anviwon 148 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, lè Abinadi te fin pale pawòl sa yo, li te ouvè men l e li di: Gen yon lè k ap vini tout moun pral wè “sali Senyè a; lè sa a tout nasyon, fanmi, lang ak pèp ap wè je nan je, epi yo ap ^brann temwayaj devan Bondye, pou yo fè konnen jijman l lan jis.

2 Lè sa a, yo ap ^achase pechè, e yo ap gen rezon pou yo rele, pou yo ^bkriye, pou yo jemi, pou

yo griyen dan yo, paske yo pa t koute vwa Senyè a, se poutèt sa, Senyè a p ap rachte yo.

3 Paske yo ^achanèl epi yo dyabolik, e ^bdyab la gen pou vwa sou yo; wi, vye sèpan ki te ^ctwonpe premye paran nou yo, sa ki te lakoz yo ^dtonbe a, ki te lakoz lèzòm te vin chanèl, sansyèl, dyabolik la, paske yo te vin ^ekonnen byen ak mal e yo te soumèt yo devan dyab la.

4 Se konsa tout moun te ^apèdi, e si Bondye pa t rachte pèp li a nan pèdisyon, yo ta p pèdi pou tout tan.

5 Men, sonje moun ki pèsiste nan pwòp eta ^achanèl yo, e ki kontinye nan chemen peche ak rebelyon kont Bondye, yo ap rete nan eta dechi l la, e dyab la ap gen tout pouvwa sou li. Se poutèt sa, se kòm si pa t gen ^bredanmsyon ki te fèt, li se ènmi Bondye, e dyab la se ènmi Bondye tou.

6 Epi kounyeya, si Kris la pa t vini nan mond lan—m ap pale de bagay ki gen ^apou fèt tankou yo te deja fèt, pa ta p kapab gen redanmsyon.

7 Epi, si Kris la pa t leve nan pami mò yo, oubyen si l pa t kase kòd lanmò pou tonm lan pa t gen viktwa, e pou yo pa t ^agiyounen moun, pa ta p kapab gen rezirèksyon.

29a GE Santinèl, veye.

16 1a GE Sali.

b Mozya 27:31.

2a D&A 63:53–54.

b Mat. 13:41–42;

Lik 13:28;

Alma 40:13.

3a Gal. 5:16–25;

Mozya 3:19.

GE Lòm natirèl.

b 2 Ne. 9:8–9.

GE Dyab.

c Jen. 3:1–13;

Moyiz 4:5–19.

d GE Chit Adan ak Èv.

e 2 Ne. 2:17–18, 22–26.

4a Alma 42:6–14.

5a Alma 41:11.

GE Chanèl.

b GE Redanmtè,

restablisman,

redanmsyon.

6a Mozya 3:13.

7a Oze 13:14;

Mozya 15:8, 20.

8 Men, gen yon “rezirèksyon; se poutèt sa, tonm lan pa gen viktwa e Kris la anglouti agoni ^blanmò a.

9 Li se “limyè ak lavi mond lan; wi, yon limyè ki p ap janm fini, ki p ap janm etenn; wi, e se yon lavi ki p ap janm fini pou pa janm gen lanmò ankò.

10 Menm mòtalite sa a ap vin antre nan “imòtalite e, koripsyon sa a ap vin tounen yon bagay enkoriptib, epi yo ap ^bkanpe devan tribinal Bondye, pou yo ‘jije daprè sa yo te fè kit zèv yo te bon kit yo te move—.

11 Si yo te bon, y ap resisite pou lavi ak bonè “san fen, men si yo pa t bon, y ap resisite pou ^bkondanasyon san fen, yo tonbe nan men dyab la, ki te soumèt yo a, ki vle di kondanasyon—

12 Yo mache daprè volonte ak dezi chanèl yo, yo pa janm rele Senyè a lè ponyèt “mizèrikòd li te lonje ba yo; paske ponyèt mizèrikòd la te lonje ba yo, e yo pa t vle; moun te avèti yo nan inikite yo, e yo pa t vle abandone yo; yo te gen kòmandman pou yo repanti, e yo pa t vle repanti.

13 Epi kounyeya, èske nou pa dwe tranble epi repanti pou peche nou yo e sonje, se sèlman nan Kris la, pa mwayen Kris la nou kapab sove?

14 Se poutèt sa, si nou ansenye “lwa Moyiz la, se pou nou an-

senye tou li se resanblans bagay ki gen pou.

15 Anseye yo redanmsyon vini pa Kris, Senyè a, ki se “Papa Etènèl nou an menm. Amèn.

CHAPIT 17

Alma kwè e li ekri pawòl Abinadi yo—Abinadi soufri lanmò nan dife—Li pwofetize maladi ak lanmò nan dife sou tèt asasen ki te touye l yo. Anviwon 148 AN-VAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, lè Abinadi te fini avèk pawòl sa yo, wa a te kòmande pou “prèt yo pran l pou fè touye l.

2 Men te gen youn nan pami yo ki te rele “Alma, li te desandan Nefi tou. Li te yon jèn gason e li te ^bkwè pawòl Abinadi te pale yo, paske li te konnen inikite Abinadi te temwaye kont yo a; se poutèt sa li te kòmanse priye nan pye wa a pou l pa t fache kont Abinadi, men pou l ta kite l ale trankil.

3 Men wa a te pi fache, e li te fè chase Alma nan pami yo, e li te voye sèvitè l yo dèyè l pou yo touye l.

4 Men li te kouri devan yo e li te kache e yo pa t jwenn li. Epi pandan l te kache pandan anpil jou li te “ekri tout pawòl Abinadi te pale yo.

5 Epi, se te konsa, wa a te fè

8a Alma 42:15.
GE Rezirèksyon.

b Eza. 25:8;
1 Kor. 15:54–55;
Mòm. 7:5.

9a D&A 88:5–13.
GE Limyè, limyè Kris.

10a Alma 40:2.

GE Imòtalite, imòtèl.

b GE Jijman, Dènye a.

c Alma 41:3–6.

11a GE Lavi etènèl.

b GE Danasyon, dane.

12a GE Mizèrikòd.

14a GE Lwa Moyiz.

15a Mozya 3:8; 5:7;

Etè 3:14.

17 1a Mozya 11:1, 5–6.

2a Mozya 23:6, 9–10.

GE Alma ki pi gran an.

b Mozya 26:15.

4a GE Ekriti yo.

gad li yo antoure Abinadi, e te yo pran l; yo te mare l avèk kòd e yo te jete l nan prizon.

6 Epi apre twa jou, lè l te fin konsilte prèt li yo, li te mande pou yo mennen l devan l ankò.

7 Epi li te di l: Abinadi, nou te jwenn yon akizasyon kont ou e ou merite mourì.

8 Paske ou te di konsa “Bondye pou tèt pa l pral desann nan pami lèzòm; kounyeya, poutèt sa w ap pase anba lanmò si ou pa demanti tout move pawòl ou te pale kont mwen ak pèp mwen an.

9 Kounyeya epi Abinadi di l: m ap di ou konsa, m p ap demanti pawòl m te pale nou yo konsènan pèp sa a, paske yo se verite; e pou ou kapab konnen yo se verite, m te kite tèt mwen tonbe nan men ou.

10 Wi, epi m ap menm soufri jouk nan lanmò, tan pou m ta demanti pawòl mwen yo, epi y ap sèvi temwayaj kont ou. Epi si w touye m se san “inosan w ap fè koule, e sa ap sèvi temwayaj kont ou tou nan dènye jou a.

11 E kounyeya wa Noye ta pral lage l, paske li te pè pawòl li yo; paske li te pè pou jijman Bondye a pa tonbe sou li.

12 Men prèt yo te leve vwa yo kont li, e yo te kòmanse akize l, yo di konsa: Li te ensilte wa a. Se poutèt sa kòlè te anpòte wa a kont li, epi wa a te livre l pou yo te kapab touye l.

13 Epi, se te konsa, yo te pran l,

e yo te mare l, yo te filange po l ak kout frèt, wi, jistan l te mourì.

14 Epi kounyeya lè flanm yo te kòmanse kankannen l, li te di yo byen fò:

15 Gade, se pral konsa, menm jan nou fè m nan, se konsa desandan nou yo pral fè anpil moun soufri doulè nou fè m soufri yo, doulè “lanmò anba dife a menm; poutèt moun sa yo kwè nan sali Senyè a, Bondye yo a.

16 Epi se pral konsa, nou pral aflije anba tout kalite maladi poutèt inikite nou yo.

17 Wi, epi nou pral pran “kou tout kote, yo pral chase nou e nou pral gaye pasi-pala, tankou yon twoupòt sovaj k ap kouri devan bèt fewòs.

18 Epi jou sa a yo ap chase nou, epi ènmi yo ap pran nou avèk men yo, e lè sa a n ap soufri, menm jan m soufri doulè “lanmò anba dife a.

19 Se konsa Bondye egzekite “vanjans kont moun ki detwi pèp li a. O, Bondye, resevwa nanm mwen.

20 E kounyeya, lè Abinadi te fin di pawòl sa yo, li te tonbe, li te soufri lanmò anba dife; wi, yo te touye l paske li pa t vle demanti kòmandman Bondye yo, lanmò l te sele pawòl verite li yo.

CHAPIT 18

Alma ansenye an kachèt—Li pale de alyans batèm nan e li batize moun nan dlo Mòmmon yo an—Li òganize Legliz Kris la e li òdone

8a Mozya 13:25, 33–34.

10a Alma 60:13.

15a Mozya 13:9–10;

Alma 25:4–12.

17a Mozya 21:1–5, 13.

18a Mozya 19:18–20.

19a GE Vanjans.

prèt—Yo pran swen tèt yo e yo ansenye pèp la—Alma ak pèp li a sove kite wa Noye pou yo ale nan dezè a. Anviwon 147-145 ANVAN JEZIKRI.

E KOUNYEYA, se te konsa, Alma ki te sove kite sèvitè wa Noye yo, te “repanti nan peche l yo ak inikite l yo e li te ale an kachèt nan pami pèp la e li te kòmanse ansenye pawòl Abinadi yo—

2 Wi, li te pale de sa ki te gen pou fèt, epi tou de rezirèksyon mò yo ak “redanmsyon pèp la ki dwe reyalize pa mwayen ^bpouvwa ak soufrans ak lanmò Kris la, ak rezirèksyon l, epi ak monte l nan syèl la.

3 Epi li te ansenye tout moun ki te vle tandè pawòl li. Epi li te anseye yo an kachèt, pou wa a pa t konnen. Epi anpil moun te kwè nan pawòl li yo.

4 Epi, se te konsa, tout moun ki te kwè l, yo te ale yon “kote ki te rele Mòmmon, dapre non wa a te ba li a, e ki te nan fwontyè peyi ke bèt sovaj te anvayi, atravè tan yo ak sezon yo.

5 Te gen yon fontèn bon dlo nan Mòmmon an, se la Alma te ale, paske tou prè dlo a te gen yon touf ti pyebwa, kote li te kache kò l lajounen poutèt wa a t ap chèche l.

6 Epi, se te konsa, tout moun ki te kwè l, yo te ale pou koute pawòl li yo.

7 Epi, se te konsa, apre anpil jou te gen yon bon kantite moun ki te rasanble ansanm nan kote ki te rele Mòmmon an, pou yo tandè pawòl Alma yo. Wi, tout moun ki te kwè nan pawòl li yo te rasanble ansanm pou yo tandè l. Epi li te ansenye yo, epi li te “preche yo repantans, ak redanmsyon ak lafwa nan Senyè a.

8 Epi, se te konsa, li te di yo: Gade, men dlo Mòmmon an (paske se konsa li te rele), kounyeya etandone nou “vle antre nan ^btwoupo Bondye a, pou nou pote non pèp li a, e nou “vle youn pote chay lòt, pou yo kapab vin lejè;

9 Wi, nou vle kriye ak moun k ap kriye yo; wi, konsòle moun ki bezwen konsolasyon, e pou nou sèvi kòm “temwen Bondye tout tan, nan tout bagay, e tout kote nou ta kapab ye, menm jistan lè nou mouri, pou Bondye kapab rachte nou, e pou nou kapab nan pami moun ^bpremye rezirèksyon yo, pou nou kapab gen “lavi etènèl—

10 Kounyeya, m ap di nou konsa, si se dezi kè nou, kisa ki anpeche nou “batize nan non Senyè a, kòm yon temwayaj devan l pou nou montre l nou te fè ^balyans avèk li, n ap sèvi l e n ap respekte kòmandman l yo, pou l kapab vide Lespri l sou nou avèk plis abondans?

18 1a Mozya 23:9-10.

2a GE Redanmtè, restablisman, redanmsyon.
b GE Ekspyasyon, ekspye.

4a Alma 5:3.

7a Alma 5:11-13.

8a D&A 20:37.
b GE Legliz Jezikri.
c GE Konpasyon.

9a GE Temwaye;
Temwen;
Travay misyonè.

b Mozya 15:21-26.

c GE Lavi etènèl.

10a 2 Ne. 31:17.
GE Batèm, batize.
b GE Alyans.

11 Epi kounyeya lè pèp la te tandè pawòl sa yo, yo te bat men yo ak lajwa e yo te di konsa: Se dezi kè nou.

12 Epi kounyeya, Alma te pran Elam, ki te youn nan premye yo, li t al kanpe nan dlo a, e li te pale byen fò, li te di: O, Senyè, vide Lespri w sou sèvitè ou la, pou l kapab fè travay sa a yon kè ki sen.

13 Epi, lè l te fin di pawòl sa yo, "Lespri Senyè a te sou li, e li te di konsa: Elam, paske m te resevwa ^botorite nan men Bondye, m ^cbatize w, kòm yon temwayaj, pou montre w fè alyans pou sèvi l jistan ou mouri nan kò mòtèl la; e se pou Lespri Senyè a vide sou ou; e se pou l ba ou lavi etènèl, nan ^dredanmsyon Kris la, li te prepare depi nan ^efondasyon mond lan.

14 Epi apre Alma te fin di pawòl sa yo, ni Alma, ni Elam te ^aplonje anba dlo a; yo te leve e yo te sòti nan dlo a avèk rejwisans, paske yo te chaje avèk Lespri a.

15 Epi apre sa, Alma te pran yon lòt, e li t al nan dlo a yon dezyèm fwa, epi li te batize l tankou premye a, sèlman, li pa t plonje kò pa l ankò anba dlo a.

16 Epi se konsa li te batize chak moun ki te vini kote ki te rele Mòmmon an; e yo te yon

kantite desan kat nanm apeprè; wi e yo te ^abatize nan dlo Mòmmon an, e yo te chaje avèk ^bgras Bondye.

17 Epi, se te konsa, yo te rele yo Legliz Bondye a oubyen ^aLegliz Kris la, depi lè sa a. E nenpòt moun ki te batize avèk pouvwa epi avèk otorite Bondye li a, te ajoute nan Legliz li a.

18 Epi, se te konsa, Alma ki te resevwa ^aotorite nan men Bondye, te òdone prèt; li te òdone yon prèt pou chak gwoup senkant moun, pou ^bpreche yo konsènan wayòm Bondye a.

19 Epi li te kòmande yo pou yo pa t ansenye anyen eksepte bagay li te ansenye, e avèk sa bouch pwofèt sen yo te pale.

20 Wi, li te kòmande yo menm pou yo pa t ^apreche anyen eksepte repantans ak lafwa nan Senyè ki te rachte pèp li a.

21 Epi li te kòmande yo pou yo pa t gen ^achirepit youn kont lòt, men okontrè, pou yo gade nan ^byon sèl direksyon, pou yo gen yon sèl lafwa, ak yon sèl batèm, pou yo gen kè yo makonnen ansanm nan ^cinite ak lanmou youn pou lòt.

22 Epi se konsa li te kòmande yo pou yo ansenye. Epi konsa yo te vin tounen ^apitit Bondye.

23 Epi li te kòmande yo pou yo obsève ^ajou saba a, pou yo

13a GE Sentespri.
b 3 Ne. 11:23-26;
D&A 20:72-74.
c AL 1:5.
GE Prètriz.
d GE Redanmtè,
restablisman,
redanmsyon.
e Moyiz 4:2; 5:9.

14a GE Batèm, batize—
Batèm pa imèsyon.
16a Mozya 25:18.
b GE Gras.
17a 3 Ne. 26:21; 27:3-8.
GE Legliz Jezikri.
18a GE Prètriz.
b GE Ansenye, enstriktè.
20a D&A 15:6; 18:14-16.

21a 3 Ne. 11:28-30.
GE Kontansyon.
b Mat. 6:22;
D&A 88:67-68.
c GE Inite.
22a Mozya 5:5-7;
Moyiz 6:64-68.
23a Mozya 13:16-19;
D&A 59:9-12.

kenbe l sen, epi tou chak jou pou yo bay Senyè Bondye yo a remèsiman.

24 Epi li te kòmande tou pou prèt li te òdone yo “travay avèk men pa yo pou okipe tèt pa yo.

25 Epi te gen yon jou ki te chwazi nan semèn nan pou yo te rasanble ansanm pou yo anseye pèp la, e pou yo “adore Senyè Bondye yo a, epi tou, nenpòt lè yo ta kapab pou yo rasanble ansanm.

26 Epi prèt yo pa t dwe konte sou pèp la pou pran swen yo; men poutèt travay yo, yo te dwe resevwa la “gras Bondye pou yo te kapab vin fò nan Lespri a, pou yo te gen ^bkonesans nan Bondye pou yo te kapab anseye avèk pouvwa e avèk otorite ki sòti nan Bondye.

27 Epi anplis ankò Alma te kòmande pou pèp legliz la pataje nan byen yo, pou “chak moun bay dapre kantite li genyen; si yon moun te gen pi an abondans pou l te pataje avèk plis abondans; epi moun ki te gen yon ti kras, pou l te bay ti kras; e moun ki pa t genyen, pou yo te ba li.

28 Epi se konsa yo te dwe pataje nan byen yo jan yo vle e avèk bon volonte devan Bondye, pou bay prèt ki te nan bezwen yo, wi, ak chak nanm ki nan bezwen, ak moun ki toutouni.

29 Epi se sa li te di yo, paske li te resevwa kòmandman nan

men Bondye; e yo te “mache dwat devan Bondye, ^byo te pataje, youn bay lòt ni materyèl ni esprityèl selon sa yo te bezwen ak sa yo te vle.

30 Epi kounyeya, se te konsa, sa te pase nan kote ki te rele Mòmmon an, wi bò kote “dlo Mòmmon an, nan forè ki te prè dlo ki te rele dlo Mòmmon an; wi, kote ki rele Mòmmon an, dlo Mòmmon an, forè Mòmmon an, wi yo te bèl anpil devan je moun sa yo ki te vini nan konesans Redanmtè yo a; wi e yo te beni anpil, paske yo pral chante louwanj li pou tout tan.

31 Epi bagay sa yo te pase nan “fwontyè peyi a, pou wa a pa t konn sa.

32 Men gade, se te konsa, apre kèk tan, wa a ki te dekouvri aktivite nan pami pèp la, te voye sèvitè l yo pou siveye yo. Se poutèt sa, pandan yo te rasanble ansanm yon jou pou koute pawòl Senyè a, wa a resevwa rapò kont yo.

33 Epi kounyeya, wa a te di konsa Alma t ap solve pèp la nan rebelyon kont li; se poutèt sa li te voye lame l pou detwi yo.

34 Epi, se te konsa, Alma ak pèp Senyè a te “gen nouvell konsènan lame wa a ki t ap vini nan dezè a; se poutèt sa yo te pran tant yo e yo pati nan dezè a.

35 Epi yo te yon kantite kat-san senkant nanm apeprè.

24a Tra. 20:33–35;
Mozya 27:3–5;
Alma 1:26.

25a GE Adorasyon.
26a GE Gras.

^b GE Konesans.
27a Tra. 2:44–45;
4 Ne. 1:3.

29a GE Mache, mache
avèk Bondye.

^b GE Antrèd.
30a Mozya 26:15.
31a Mozya 18:4.
34a Mozya 23:1.

CHAPIT 19

Jedeon chèche pou l touye wa Noye—Lamanit yo anvayi peyi a—Wa Noye mouri nan dife—Limi gouvènè kòm yon wa rès-tavèk. Anviwon 145–121 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, lè lame wa a te fin chèche pèp Senyè a san rezilta, yo te retounen.

2 Epi kounyeya, fòs wa a te piti, li te pèdi moun, e yon divizyon te kòmanse nan pami rès pèp la.

3 Epi, gwoup ki te pi piti a te kòmanse fè menas kont wa a, epi te kòmanse gen yon gwo chirepit nan pami yo.

4 Te gen yon nonm nan pami yo ki te rele Jedeon, li te yon nonm fò, e se te ènmi wa a; se poutèt sa, li te rale epe l, e li te fè sèman nan kòlè l pou l touye wa a.

5 Epi, se te konsa, li te goumen ak wa a, e lè wa a te wè l t ap pral pèdi batay, li te sove, li te kouri, epi li te ale sou tèt "fòtrès ki te prè tanp lan.

6 Epi, Jedeon te kouridèyè li, e Jedeon te prèske monte sou tèt fòtrès la pou l touye wa a, e wa a te voye je l bò peyi Chèmlon an, e li wè lame Lamanit yo te andedan fwontyè peyi a.

7 Epi kounyeya, wa a te rele nan detrès nanm li, li te di: Jedeon, sove m paske, Lamanit yo sou nou, e yo pral detwi nou; wi, yo pral detwi pèp mwen an.

8 Wa a pa t tèlman gen pwoblèm pou pèp li a plis pase pou

tèt pa l, men, Jedeon te ba l lavi kanmèm.

9 Epi, wa a te bay pèp la kòmandman pou yo kouri devan Lamanit yo, e li menm poutèt pa l li te kouri devan yo, e yo te kouri nan dezè a ak madanm, epi ak pitit yo.

10 Epi, se te konsa, Lamanit yo te pousuiv yo, yo te pran yo, e te kòmanse touye yo.

11 Kounyeya, se te konsa, wa a te kòmande tout gason pou yo kite madanm ak pitit yo pou yo kouri devan Lamanit yo.

12 Kounyeya, te gen yon pakèt ki pa t vle kite yo, men yo te pito peri avèk yo. Epi, rès yo te kite madanm ak pitit yo e yo te kouri.

13 Epi, se te konsa, moun ki te rete avèk madanm ak pitit yo te fè bèl pitit fi yo kanpe pou sipliye Lamanit yo pou yo pa t touye yo.

14 Epi, se te konsa, Lamanit yo te gen konpasyon pou yo paske bèl te fi yo te chame yo.

15 Se poutèt sa, Lamanit yo te ba yo lavi, yo te fè yo prizonye e mennen yo nan peyi Nefi a, e yo te ba yo pèmision pou yo posede peyi a, avèk kondisyon pou yo lage wa Noye nan men Lamanit yo, pou yo bay Lamanit yo tout sa yo genyen, menm mwatye nan lò ak lajan ak tout bagay chè yo genyen. Se konsa pou yo te peye wa Lamanit yo amand chak ane.

16 Epi kounyeya, te gen youn nan pitit gason wa a nan pami moun ki te prizonye yo, li te rele "Limi.

17 Limi pa t vle pou yo te detwi papa l; men li pa t inyore inikite papa l yo paske li te yon nonm jis.

18 Epi, se te konsa, Jedeon te voye moun chèche wa a ak moun ki avèk li yo an kachèt nan dezè a. Epi, yo te rankontre pèp la nan dezè a, yo tout eksepté wa a ak prèt li yo.

19 Kounyeya, Yo te fè sèman pou yo tounen nan peyi Nefi a, e si madanm ak pitit yo ak moun ki te rete avèk yo te mouri, pou yo vanje, e pou yo kapab peri tou.

20 Epi, wa a te kòmande yo pou yo pa retounen; e yo te fache kont wa a, e yo te fè l soufri “lanmò nan dife.

21 Epi, yo ta pral pran prèt yo pou yo kapab touye yo e prèt yo te kouri.

22 Epi, se te konsa, yo ta pral tounen nan peyi Nefi a, men yo te rankontre moun Jedeon yo. Epi, moun Jedeon yo di yo tout sa k te pase madanm ak pitit yo; e Lamanit yo te aksepté pou yo posede peyi a si yo peye Lamanit yo amand, mwaye tout sa yo posede.

23 Epi, pèp la te di moun Jedeon yo ke yo te touye wa a, e prèt li yo te sove pou ale pi lwen nan dezè a.

24 Epi, se te konsa, lè yo te fini seremoni yo a, yo te retounen nan peyi Nefi a pou yo rejwi poutèt madanm ak pitit yo ki pa t mouri, e yo te di Jedeon sa yo te fè avèk wa a.

25 Epi, se te konsa, wa Lamanit

la te fè “sèman bay yo pou pèp li a pa t touye yo.

26 Epi, Limi, pitit gason wa a te eritye Wayòm papa a, “pèp la te nonmen l wa. Li te fè sèman bay wa Lamanit yo pou pèp li a peye l amand, mwaye nan tout sa yo te posede.

27 Epi, se te konsa, Limi te kòmanse tabli wayòm nan avèk lapè nan pami pèp li a.

28 Epi, wa Lamanit la te mete gad alantou peyi a pou l te kapab fè pèp Limi a rete nan peyi a pou yo te kapab pa pati ale nan dezè a. Epi, li te peye gad li yo nan amand li te resevwa nan men Nefit yo.

29 Epi, wa Limi te gen lapè san rete nan wayòm li a pandan dezan. Lamanit yo pa t ba yo pwoblèm ni detwi yo.

CHAPIT 20

Prèt Noye yo vòlè kèk nan pitit fi Lamanit yo—Lamanit yo deklare Limi ak pèp li a lagè—Yo repouse lame Lamanit yo, e yo fè yo vin pèzib. Anviwon 145–123 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, te gen yon kote nan Chèmlon, pitit fi Lamanit yo te konn reyini pou yo chante, pou yo danse, e pou yo fè kè yo kon-tan.

2 Epi, se te konsa, yon jou, te gen yon ti gwoup ki te reyini ansanm pou yo chante epi pou yo danse.

3 Prèt wa Noye yo te wont retounen nan vil Nefi a, wi, e yo te pè pou pèp la pa t touye yo,

se poutèt sa, yo pa t vle tounen al jwenn madanm ak pitit yo.

4 Yo te rete nan dezè a; yo te dekouvri pitit fi Lamanit yo, e yo t ap siveye yo.

5 Epi, lè te gen yon ti gwoup reyini ansanm pou yo danse, prèt yo te sòti kote yo te kache a, yo te pran fi yo e yo pote yo nan dezè a. Wi, yo te bwote vennkat nan pitit fi Lamanit yo nan dezè a.

6 Epi, se te konsa, lè Lamanit yo pa t wè pitit fi yo, yo te fache kont pèp Limi a, paske yo te konprann se te yo.

7 Se poutèt sa, yo te voye lame a; wi, wa a poutèt pa l li te devan pèp li a; e yo te ale nan peyi Nefi a pou yo detwi pèp Limi a.

8 Epi kounyeya, Limi te wè yo pandan l te sou tèt tou a, e li te dekouvri tout preparasyon lagè yo; se poutèt sa, li te rasanble pèp li a ansanm, e li te pare pyèj pou Lamanit yo nan jaden ak forè yo.

9 Epi, se te konsa, lè Lamanit yo te vini, pèp Limi a te sòti kote l te kache a, li te tonbe sou yo, e li te kòmanse touye yo.

10 Epi, se te konsa, batay la te vin rèd anpil, paske yo te goumen tankou lyon k ap goumen pou manje.

11 Epi, se te konsa, pèp Limi an te kòmanse fè Lamanit yo kouri devan l, men yo pa t mwatye Lamanit yo. Men yo te "goumen pou lavi yo, ak madanm ak pitit yo; se poutèt sa, yo te ranmase tout fòs yo pou yo goumen tankou dragon.

12 Epi, se te konsa, yo te jwenn wa Lamanit yo nan pami moun mouri yo, men li pa t mouri, li te blese e yo te kite l atè a, tèlman pèp li a t ap kouri vit.

13 Yo te pran l; yo te panse blese l yo, e yo te mennen l devan Limi, e yo di: Men wa Lamanit yo; li te blese, li te tonbe nan pami moun mouri yo, e yo te kite l; nou mennen l ba ou. An nou touye l kounyeya.

14 Men, Limi te di yo: Pa touye l, men mennen l pou m kapab wè l. Epi yo te mennen l. E Limi te di l: Pou ki rezon ou vin goumen avèk pèp mwen an? Pèp mwen an pa vyole "sèman m te fè w la; poukisa ou vyole sèman ou te fè pèp mwen an?

15 Epi wa a te di: M te vyole sèman an paske pèp ou a te pran pitit fi pèp mwen yo; se poutèt sa m te fè kòlè, e m te fè pèp mwen an vin goumen avèk pèp ou a.

16 Limi pa t tandè pale pawòl sa a ditou; se poutèt sa, li di: M pral chèche konnen nan pami pèp mwen an, e nenpòt moun ki te fè l la, ap peri. Se poutèt sa, li te fè rechèch nan pami pèp li a.

17 Lè "Jedeon te tandè bagay sa a, kòm se kaptèn wa a li te ye, li te avanse e li te di wa a: M priye w, pa chèche nan pami pèp sa a, e pa fè l pote chay sa a.

18 Paske, ou pa sonje prèt papa w yo pèp la te bezwen touye a? Èske yo pa nan dezè a? Èske se pa yo menm ki vòlè pitit fi Lamanit yo?

19 E kounyeya, gade, di wa

Lamanit yo bagay sa yo pou l kapab fè lapè avèk pèp li a pou nou; paske, yo gen tan prepare pou yo vin goumen avèk nou, e nou pa anpil.

20 Epi gade, y ap vini avèk tout lame yo; e si wa a pa kalme yo, n ap peri.

21 Paske, èske pawòl Abinadi te pwofetize kont nou yo pa “akonpli—e tout sa rive paske nou pa t koute pawòl Senyè a, e nou pa t vire do bay inikite nou yo?

22 E kounyeya, an nou kalme wa a, e n ap respekte sèman nou te fè li a; paske li pi bon pou nou rete nan esklavaj pase pou nou pèdi lavi nou; se poutèt sa, an nou fè tout san sa yo sispann koule.

23 Epi kounyeya, Limi te di wa a tout bagay konsènan papa l, ak “prèt yo ki te ale nan dezè a, e li te di se yo menm ki te pran pitit fi Lamanit yo.

24 Epi, se te konsa, wa a te fè lapè avèk pèp li a; e li te di yo: An nou ale rankontre pèp mwen an, san zam; e m sèman w pèp mwen an p ap touye pèp ou a.

25 Epi, se te konsa, yo te suiv wa a, e yo te al rankontre Lamanit yo san zam. E se te konsa, yo te rankontre Lamanit yo; e wa Lamanit la te bese tèt devan yo, e li te plede pou pèp Limi a.

26 Epi, lè Lamanit yo te wè pèp Limi a pa t gen zam, yo te gen “konpasyon pou yo, yo te vin dou devan yo, e yo te retounen nan peyi yo nan lapè avèk wa yo a.

CHAPIT 21

Pèp Limi an frape, e yo pèdi batay avèk Lamanit yo—Pèp Limi an rankontre Amon, e yo konvèti—Yo pale Amon konsènan vennkat plak Jaredit yo. Anviwon 122–121 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, Limi ak pèp li a te retounen nan vil Nefi a, e yo te kòmanse rete nan peyi a ankò nan lapè.

2 Epi, se te konsa, apre anpil jou Lamanit yo te kòmanse fache kont Nefit yo ankò, e yo te kòmanse depase fwontyè peyi a.

3 Kounyeya, Lamanit yo pa touye yo, poutèt sèman wa yo a te fè bay Limi an; men yo te frape yo nan “figi, yo te fè otorite sou yo, yo mete ^bchay lou sou do yo, e yo pouse yo menm jan avèk bourik ki bèbè—

4 Wi, tout bagay sa yo te fèt pou pawòl Senyè a te kapab akonpli.

5 Epi kounyeya afliksyon Nefit yo te anpil, e pa t gen mwayen pou yo ta delivre tèt yo anba men yo, paske Lamanit yo te sène yo tout kote.

6 Epi, se te konsa, pèp la te kòmanse plenyen bay wa a poutèt afliksyon yo; e yo te kòmanse vle al goumen avèk yo. Epi, yo te aflije wa a anpil avèk konplent yo te fè l; se poutèt sa, li te ba yo pèmision pou yo fè sa yo te vle a.

7 Epi, yo te rasanble ansanm ankò, yo te mete pwotèj yo, e yo te ale kont Lamanit yo pou yo pouse yo deyò nan peyi a.

21a Mozya 12:1–8.
23a Mozya 19:21, 23.

26a GE Konpasyon.
21 3a Mozya 12:2.

b Mozya 12:5.

8 Epi, se te konsa, Lamanit yo te bat yo, yo te pouse yo tounen, e Lamanit yo te touye anpil ladan yo.

9 Kounyeya, te gen anpil ^alapenn ak lamantasyon nan pami pèp Limi an, vèw t ap kriye pou mari yo, pitit gason ak pitit fi t ap kriye pou papa yo, e frè t ap kriye pou frè yo.

10 Kounyeya te gen yon pakèt kantite vèw nan peyi a, e yo te kriye fò chak jou, paske yo te vin pè Lamanit yo anpil.

11 Epi, se te konsa, kriye yo te pouse rès pèp Limi an nan kòlè kont Lamanit yo; e yo t al goumen ankò, men Lamanit yo te pouse yo tounen, e yo te pèdi anpil bagay.

12 Wi, yo te ale ankò pou yon twazyèm fwa, e yo te soufri menm jan an, e moun ki pa t mouri, yo te retounen ankò nan vil Nefi a.

13 Epi, yo te imilye tèt yo jouk nan pousyè, yo te bese tèt yo anba jouk esklavaj, yo te lage kò yo pou yo pran kou, e pou yo mennen yo pasi-pala, pou yo pote chay daprè jan ènmi yo te vle.

14 Epi, yo te ^aimilye tèt yo jouk nan fon twou yo; e yo te kriye anpil bay Bondye; wi, yo te kriye tout lajounen bay Bondye yo a pou l te kapab delivre yo anba afliksyon.

15 Epi kounyeya, Senyè a te ^apran tan pou l tandè kriye yo poutèt inikite yo; men, Senyè a te tandè kriye yo, epi li te

kòmanse touche kè Lamanit yo pou yo te kapab kòmanse fè chay yo pi lejè; men Senyè a pa t wè l nesèsè pou l delivre yo nan esklavaj.

16 Epi, se te konsa, yo te kòmanse pwospere tikalpatikal nan peyi a, yo te kòmanse kilitive plis pwovizyon an abondans, ak bèt jistan yo pa t soufri grangou.

17 Kounyeya, te gen anpil kantite fi, yo te plis pase gason yo; se poutèt sa, wa Limi te kòmande pou tout gason yo ^apatisipe nan sipòte ^bvèw yo ak pitit vèw yo, pou yo pa t mouri grangou; e yo te fè sa poutèt tout kantite gason ki te mouri yo.

18 Kounyeya, pèp Limi an te fè gwoup tank li te posib pou yo pwoteje jaden yo ak bèt yo.

19 Epi, menm wa a pa t pran chans rete deyò lantouraj vil la san li pa avèk gad li yo; li te pè pou okenn aksidan pa t fè l tonbe anba men Lamanit yo.

20 Epi, li te fè pèp li a siveye nan tout peyi a, pou yo ta kapab pran prèt yo ki t al nan dezè a, ki te vòlè pitit ^afi Lamanit yo, e ki te fè gwo destriksyon sa a tonbe sou yo a.

21 Paske yo te vle pran yo pou yo kapab pini yo; paske yo te vini nan peyi Nefi a nan nuit, e yo te bwote anpil nan manje yo ak bagay chè yo te genyen; se poutèt sa, yo te pare pyèj pou yo.

22 Epi, se te konsa, pa t gen okenn pwoblèm nan pami Lamanit yo ak pèp Limi an, jistan

9a Mozya 12:4.
14a Mozya 29:20.
GE Enb, imilibte.

15a Pwov. 15:29;
Mozya 11:23–25;
D&A 101:7–9.

17a Mozya 4:16, 26.
b GE Vèw.
20a Mozya 20:5.

“Amon ak frè l yo te vini nan peyi a.

23 Epi, wa a te deyò lantouraj vil la avèk gad li yo, lè l te dekouvri Amon ak frè li yo; li te konprann se te prèt Noye yo, e li te fè pran yo, mare yo, e jete yo nan “prizon. Epi, si se te prèt Noye yo, li ta p fè touye yo.

24 Men, lè l te wè se pa t sa yo te ye, men se te frè l yo, e yo te sòti nan peyi Zarayemla a, li te ranpli avèk anpil lajwa.

25 Kounyeya, Wa Limi te voye yon “ti kantite moun, anvan Amon te vini an, pou y al ^bchèche peyi Zarayemla a, men yo pa t kapab jwenn li, e yo te pèdi nan dezè a.

26 Men, yo te jwenn yon peyi ki te peple; wi, yon peyi ki te chaje avèk “zo sèch; wi, yon peyi ki te peple e ki te detwi; e yo te konprann se te peyi Zarayemla a, yo te retounen sou fwontyè peyi Nefi a kèk jou anvan Amon te vini.

27 Epi, yo te pote yon rejis avèk yo; se te istwa pèp yo te wè zo yo a menm, e li te ekri sou plak metal.

28 Epi kounyeya, Limi te ranpli ak lajwa ankò lè l te aprann nan bouch Amon, wa Mozya te gen “don Bondye pou l kapab entèprete rejis konsa; wi, epi Amon te kontan tou.

29 Men, Amon ak frè l yo te chaje ak lapenn, paske anpil nan frè yo te mouri.

30 Epi, poutèt wa Noye ak prèt

li yo te fè pèp la fè tout peche ak inikite sa yo devan Bondye; e yo te kriye pou “lanmò Abinadi; ak ^bvwayaj Alma ak pèp la ki te ale avèk li a, ki te fòme legliz Bondye a nan fòs ak pouvw Bondye, ak lafwa nan pawòl Abinadi te pale yo.

31 Wi, yo te kriye pou vwayaj yo, paske yo pa t konnen kote yo te sove a; kounyeya, yo ta kontan jwenn ansanm avèk yo, paske menm yo menm, te fè alyans avèk Bondye tou pou yo sèvi l e pou yo respekte kòmandman l yo.

32 E kounyeya, depi Amon te vini an, wa Limi ak anpil nan pèp li a, te fè alyans avèk Bondye pou yo sèvi l e pou yo respekte kòmandman l yo.

33 Epi, se te konsa, wa Limi ak anpil nan pèp li a te vle batize; men pa t gen okenn moun nan pèp la ki te gen “otorite Bondye. Epi, Amon pa t vle fè sa, paske li te konsidere tèt li kòm yon sèvitè endiy.

34 Se poutèt sa, yo pa t fòme legliz la, yo t ap ret tann Lespri Senyè a. Kounyeya, yo te vle vin tankou Alma ak frè l yo ki te pati nan dezè a.

35 Yo te vle batize pou yo temwaye e pou yo pwouve yo te vle sèvi Bondye avèk tout kè yo; men yo te ranwaye lè a; e istwa batèm yo a pral “vini apre.

36 E kounyeya, tout etid Amon ak pèp li a, ak wa Limi ak pèp li

22a Mozya 7:6-13.

23a Ela. 5:21.

25a Mozya 8:7.

b Mozya 7:14.

26a Mozya 8:8.

28a Omni 1:20-22;

Mozya 28:11-16.

30a Mozya 17:12-20.

b Mozya 18:34-35.

33a GE Otorite.

35a Mozya 25:17-18.

a, se te pou yo delivre tèt yo nan esklavaj anba men Lamanit yo.

CHAPIT 22

Plan fèt pou pèp la kapab sòti anba esklavaj Lamanit yo—Pèp la soule Lamanit yo—Pèp la chape, yo tounen nan Zarayemla, e yo vin rete avèk pèp Wa Mozya a. Anviwon 121-120 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, Amon ak wa Limi te kòmanse konsilte pèp la pou yo konnen kijan pou yo delivre nan esklavaj; e yo menm te fè tout pèp la rasanble ansanm; e yo te fè sa pou yo te kapab gen opinyon pèp la konsènan sa.

2 Epi, se te konsa, yo pa t jwenn okenn mwayen pou yo delivre tèt yo nan esklavaj, eksepte pou yo ta pran madanm ak pitit yo, ak bèt, ak manje, ak tant yo, pou yo pati al nan dezè a; paske Lamanit yo te tèlman anpil, li te enposib pou pèp Limi an goumen avèk yo, pou yo ta panse yo kapab sòti nan esklavaj ak epe.

3 Kounyeya se te konsa, Jedeon te ale e li te kanpe devan wa a, e li te di l: O wa, ou te koute pawòl mwen anpil fwa lè nou t ap goumen avèk frè nou yo, Lamanit yo.

4 Epi kounyeya, O wa, si ou pa t twouve m se yon sèvitè initial, oubyen si ou te konn yon ti jan koute pawòl mwen yo, e yo te konn sèvi ou, kounyeya, m ta mande ou koute pawòl mwen, e m ap tounen sèvitè ou pou m delivre pèp sa a anba esklavaj.

5 Epi, wa a te akòde l pawòl. E Jedeon te di l:

6 Ou wè, wout dèyè a pase pa do vil la, atravè mi dèyè a. Lamanit yo, oubyen gad Lamanit yo sou nan nuit; se poutèt sa, an nou voye nouvèl nan pami tout pèp la pou yo rasanble bèt ak manje yo ansanm, pou nou kapab mennen yo nan dezè a nan nuit la.

7 Epi, dapre kòmandman ou, m ap peye dènye amand diven an bay Lamanit yo, e y ap sou; e n ap pase nan chemen sekre ki bay sou kote goch kan yo a, lè yo sou, epi y ap dòmi.

8 Konsa, n ap pati avèk madanm ak pitit nou yo, ak bèt nou yo, ak manje nou yo nan dezè a; e n ap vwayaje bò kote peyi Chilòm nan.

9 Epi, se te konsa, wa a te koute pawòl Jedeon yo.

10 Epi, wa Limi te fè pèp li a rasanble bèt yo ansanm; e li te voye amand diven an bay Lamanit yo; e li te voye plis diven tou, kòm kado ba yo, e yo te bwè diven wa Limi te voye ba yo a san rete.

11 Epi, se te konsa, pèp wa Limi an te pati nan dezè a nan nuit la avèk bèt yo, ak manje yo, e yo te ale bò kote peyi Chilòm nan, ki te nan dezè a, e yo te pran direksyon peyi Zarayemla a; Amon ak frè l yo t ap dirije yo.

12 Epi, yo te pran tout lò, ak lajan, ak bagay chè yo te kapab pote, ak pwovizyon yo nan dezè a, e yo te fè vwayaj yo a.

13 E apre anpil jou nan dezè a, yo te rive nan peyi Zarayemla a, e yo te jwenn avèk pèp Mozya a, e yo te vin tounen sèvitè yo.

14 Epi, se te konsa, Mozya te

resevwa yo ak lajwa; e li te resevwa ^arejis yo tou, ak ^brejis pèp Limi a te jwenn nan.

15 Epi kounyeya, se te konsa, lè Lamanit yo te wè pèp Limi a te pati nan peyi a nan nuit la, yo te voye yon lame nan dezè a pou pousuiv yo.

16 Epi, apre yo te fin pousuiv yo pandan de jou, yo pa t kapab suiv tras yo ankò; se poutèt sa, yo te pèdi nan dezè a.

Istwa Alma ak pèp Senyè a pèp wa Noye a te chase ale nan dezè a.

Depi nan chapit 23 jouk nan 24.

CHAPIT 23

Alma pa vle vin wa—Li sèvi kòm gran prèt—Senyè a pini pèp Li a, epi Lamanit yo okipe peyi Elam nan—Amilon, chèf prèt mechan Wa Noye yo, dirije sou lòd wa Lamanit yo. Anviwon 145–121 AN-VAN JEZIKRI.

KOUNYEYA senyè a te avèti Alma, lame wa Noye a ta pral tonbe sou yo; li te fè pèp la konn sa, epi yo te rasanble bèt ak manje yo, epi yo te pati nan dezè a devan lame wa Noye a.

2 Epi, Senyè a te ba yo fòs; pèp wa Noye a pa t kapab jwenn yo pou l detwi yo.

3 Epi, yo te kouri pandan yuit jou nan dezè a.

4 Epi, yo te jwenn yon peyi, wi, yon bèl peyi ki te byen agreyab, yon peyi ki te gen bon dlo klè.

5 Yo te plante tant yo e yo te kòmmanse kiltive tè a, e yo te kòmmanse bati kay; wi yo te bon travayè e yo te travay anpil.

6 Epi, pèp la te vle pou Alma vini wa yo, paske pèp la te renmen l.

7 Men li te di yo: gade, li pa nesèsè pou nou gen yon wa paske Senyè a di konsa: Nou pa dwe bay yon moun ^aplis valè pase yon lòt; oubyen, yon moun pa dwe panse li pi wo pase yon lòt; se poutèt sa, m di nou, li pa nesèsè pou nou gen yon wa.

8 Men, si se posib pou nou ta toujou gen nonm jis kòm wa, li tap bon pou nou ta gen wa.

9 Men, sonje ^ainikite wa Noye ak prèt li yo; e menm mwen, m te pran nan ^bpyèl, e m te fè anpil bagay abominab devan je Senyè a, ki te fè repantans mwen difisil.

10 Men, apre anpil ^atribilasyon, Senyè a te koute kri mwen yo; li te tande priyè m, e li fè m tounen yon zouti nan men l pou m te mennen ^banpil nan nou nan konesans verite li a.

11 Men, m pa glorifye tèt mwen nan bagay sa a, paske m pa diy pou m glorifye tèt pa m.

12 Epi, kounyeya, m di nou, wa Noye te oprime nou, nou te nan esklavaj anba men l ak anba men prèt li yo, e yo te fè nou tonbe nan inikite; se poutèt sa, ^akòd inikite te mare nou.

13 Epi kounyeya, kòm pouvw Bondye te delivre nou anba kòd sa a; wi, anba men wa Noye

22 14a Mozya 8:5.

b Mozya 8:9.

23 7a Mozya 27:3–5.

9a Pwov. 16:12;

Mozya 11:1–15.

b Mozya 17:1–4.

10a D&A 58:4.

b Mozya 18:35.

12a 2 Ne. 28:19–22.

ak pèp li a, ak anba kòd inikite a, se menm jan sa a m vle pou nou ^akanpe solid nan ^blibète nou genyen an; epi pou nou pa mete konfyans nou nan ^cokenn moun pou vin wa sou tèt nou.

14 Epi, pa mete konfyans nan pèsonn pou vin ^aenstriktè nou ak pastè nou eksepte si li se yon moun Bondye, ki mache nan chemen li a e ki respekte kòmandman l yo.

15 Se konsa Alma te ansenye pèp li a, chak moun dwe ^arenmen pwochen l tankou tèt pa l, yon fason pou pa t gen ^bchirepit nan pami yo.

16 Epi kounyeya Alma te ^agran prèt yo; se limenm ki te fonde legliz yo a.

17 Epi, se te konsa, pèsonn pa t resevwa ^aotorite pou ansenye oubyen pou yo ansenye, si se pa nan men Bondye. Se poutèt sa, Alma te konsakre tout prèt ak tout enstriktè yo, e yo youn pa t konsakre si yo pa t moun jis.

18 Se poutèt sa, yo te voye je sou pèp yo a, e yo te ^anouri yo avèk nouriti lajistis.

19 Epi, se te konsa, yo te kòmanse pwospere anpil nan peyi a; e yo te rele peyi a Elam.

20 Epi, se te konsa, yo te miltipliye e yo te pwospere anpil nan peyi Elam nan, e yo te bati yon vil; yo te rele l vil Elam nan.

21 Men, Senyè a te wè l nesèsè pou l ^achatye pèp li a; wi, li te teste ^bpasyans yo ak lafwa yo.

22 Se poutèt sa, nenpòt moun ki mete ^akonfyans nan li, y ap ^bleve nan dènnye jou a. Wi, e se konsa sa te ye pou pèp sa a.

23 Paske gade, m ap fè w wè yo te tonbe nan esklavaj, e pèsonn pa t kapab delivre yo, eksepte Senyè Bondye yo a; wi, Bondye Abraram, ak Izarak ak Jakòb la menm.

24 Epi, se te konsa, li te delivre yo, e li te montre yo gran pouvwwa l, e yo te rejwi anpil.

25 Epi gade, se te konsa, pandan yo te nan peyi Elam nan; wi, nan vil Elam nan, pandan yo t ap laboure tè nan antouraj la, yon lame Lamanit yo te sou fwontyè peyi a.

26 Kounyeya, se te konsa, frè Alma yo te kouri kite jaden yo, e yo te rasanble ansanm nan vil Elam nan; e yo te pè anpil, poutèt prezans Lamanit yo.

27 Men, Alma t al kanpe nan mitan yo e li te egzòte yo pou yo pa pè, men pou yo sonje Senyè, Bondye yo a, e li t ap delivre yo.

28 Se poutèt sa, yo te chase lakrent yo, e yo te kòmanse kriye bay Senyè a pou l kapab touche kè Lamanit yo, pou yo epaye lavi yo, lavi madanm ak lavi pitit yo.

29 Epi, se te konsa, Senyè a te touche kè Lamanit yo. E Alma ak frè l yo te ale e yo te livre tèt yo bay Lamanit yo, e Lamanit yo te pran posesyon peyi Elam nan.

30 Kounyeya lame Lamanit ki

13a Gal. 5:1.

b GE Libète.

c Mozya 29:13.

14a Mozya 18:18–22.

15a GE Lanmou, renmen.

b 3 Ne. 11:28–29.

16a Mozya 26:7.

17a GE Otorite;

Prètriz.

18a 1 Tim. 4:6.

21a Ela. 12:3;

D&A 98:21.

GE Chatye,

chatiman.

b GE Pasyans.

22a GE Konfyans,

konfyè.

b 1 Ne. 13:37.

te suiv pèp wa Limi a te pèdi nan dezè a pandan anpil jou.

31 Epi gade, yo te jwenn prèt wa Noye yo yon kote yo te rele Amilon; yo te kòmanse posede peyi Amilon an e yo te kòmanse kiltive tè a.

32 Kounyeya chèf prèt yo te rele Amilon.

33 Epi, se te konsa, Amilon te plede anpil avèk Lamanit yo, e li te voye madanm yo, ki te “pitit fi Lamanit yo, pou plede avèk frè yo, pou yo pa detwi mari yo.

34 Epi, Lamanit yo te gen “konpasyon pou Amilon ak frè l yo, e yo pa t touye yo poutèt madanm yo.

35 Amilon ak frè l yo te mete ansanm ak Lamanit yo, e yo t ap vwayaje nan dezè a pou yo chèche peyi Nefi a lè yo te dekouvri peyi Elam nan, peyi sa a Alma ak frè l yo te posede a.

36 Epi, se te konsa, Lamanit yo te pwomèt Alma ak frè l yo lavi ak libète pou yo kapab montre Lamanit yo chemen ki mennen nan peyi Nefi a.

37 Men apre, lè Alma te fin montre yo chemen ki mennen nan peyi Nefi a, Lamanit yo pa t respekte pwomès yo; yo te mete “gad antoure peyi Elam nan pou bare Alma ak frè l yo.

38 Epi, rès yo te ale nan peyi Nefi a, e yon pati ladan yo te retounen nan peyi Elam nan, e yo te mennen madanm yo ak pitit gad ki te rete nan peyi a avèk yo.

39 Epi, wa Lamanit yo te akòde Amilon pou l tounen wa ak

dirijan sou tèt pèp li a, ki te nan peyi Elam nan; men, li pa t gen pouvwa fè anyen ki te kontrè avèk volonte wa Lamanit yo.

CHAPIT 24

Amilon pèsekite Alma ak pèp li a—Y ap touye yo si yo priye—Senyè a fè chay yo parèt lejè—Li delivre yo nan esklavaj, e yo retounen nan Zarayemla. Anviwon 145–120 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, Amilon te jwenn favè devan wa Lamanit la, se poutèt sa, wa Lamanit la te akòde l ak frè l yo pou yo kapab tounen enstriktè sou tèt pèp li a; wi, sou tèt pèp ki te nan peyi Chèmlon an menm ak nan peyi Chilòm ak nan peyi Amilon an.

2 Paske Lamanit yo te pran posasyon tout peyi sa yo; se poutèt sa, wa pèp Lamanit la te nonmen wa nan tout peyi sa yo.

3 Epi kounyeya Wa Lamanit yo te rele Laman, dapre non papa l; se poutèt sa, yo te rele l wa Laman, e li te wa anpil peyi.

4 Epi, li te lonmen frè Amilon yo enstriktè nan tout peyi pèp li a te posede; se konsa yo te kòmanse ansenye lang Nefi a nan pami tout pèp Lamanit yo.

5 Epi, yo te amikal, youn avèk lòt; men yo pa t konnen Bondye, epi tou, frè Amilon yo pa t ansenye yo anyen konsènan Senyè a, Bondye yo a, ni konsènan lwa Moyiz la; epi tou yo pa t ansenye yo pawòl Abinadi yo;

6 Men, yo te aprann yo pou yo kenbe yon rejis, e pou youn ekri lòt;

7 Epi se konsa, Lamanit yo te kòmanse ogmante richès yo; yo te kòmanse fè komès youn avèk lòt, yo te kòmanse vin grandi, e yo te kòmanse vin yon pèp mètdam, saj daprè sajès mond lan; wi, yon pèp mètdam anpil ki pran plèzi nan tout kalite mechanste ak vòl, eksepte nan pami pwòp frè yo.

8 Epi kounyeya, se te konsa, Amilon te kòmanse egzèsè otorite sou Alma ak frè l yo, li te kòmanse pèsèkite l, e li te fè pitit li yo pèsèkite pitit Alma yo.

9 Paske Amilon te konnen Alma, li te konnen Alma te "youn nan prèt wa a, e se te li menm ki te kwè nan pawòl Abinadi yo, e yo te chase nan prezans wa a, se poutèt sa, li te fache kont li paske li te sou lòd wa Laman, men, li te egzèsè otorite sou yo, li te mete ^bchay sou do yo, epi li te mete chèf pou fè yo travay.

10 Epi, se te konsa, afliksyon yo te tèlman gwo, yo te kòmanse kriye fò bay Bondye.

11 Epi, Amilon te kòmande yo pou yo sispann kriye yo a, e li te mete gad pou siveye yo, pou touye nenpòt moun yo bare ap rele Bondye.

12 Epi, Alma ak pèp li a pa t leve vwa yo bay Senyè a, Bondye yo a, men yo te "ouvè kè yo ba li, e li te konnen sa k ta p pase nan kè yo.

13 Epi, se te konsa, vwa Senyè a te fè yo tande l nan afliksyon yo, li te di: Leve tèt nou, e konsòle nou paske m konnen ki alyans nou te fè avèk mwen; m ap fè alyans avèk pèp mwen an, e m ap delivre l anba esklavaj.

14 Epi, m ap fè chay ki sou zèpòl nou yo vin lejè pou nou pa menm kapab santi yo sou do nou, menm lè nou nan esklavaj; e m ap fè sa, pou nou kapab sèvi m "temwen apre sa, e pou nou kapab konnen toutbon, mwen menm, Senyè Bondye a, m vizite pèp mwen nan ^bafliksyon yo.

15 Epi kounyeya, se te konsa, chay ki te sou Alma ak frè l yo te vin lejè; wi, Senyè a te "fòtifeye yo pou yo kapab pote ^bchay yo alèz, e yo te aksepte avèk kè kontan ak "pasyans, tout sa Senyè a te vle.

16 Epi, se te konsa, lafwa yo ak pasyans yo te tèlman gran, vwa Senyè a fè yo tande l ankò, li te di: konsòle nou, paske demen, m ap delivre nou anba esklavaj.

17 Epi, li te di Alma; al devan pèp sa a; m prale avèk ou, e m ap delivre pèp sa a nan "esklavaj.

18 Epi kounyeya, se te konsa, Alma ak pèp li a te rasanble bèt yo ak manje yo nan nuit lan; wi, yo te rasanble bèt yo tout nuit lan.

19 Epi nan maten, Senyè a te fè yon gwo "somèy tonbe sou Lamanit yo; wi, e tout chèf travay yo te nan fon somèy.

24 8a D&A 121:39.

9a Mozya 17:1-4; 23:9.

b Mozya 21:3-6.

12a GE Priyè.

14a GE Temwen.

b GE Advèsite.

15a Mat. 11:28-30.

b Alma 31:38; 33:23.

c D&A 54:10.

GE Pasyans.

17a GE Kaptivite.

19a 1 Sam. 26:12.

20 Epi Alma ak pèp li a te pati nan dezè a; lè yo te fin vwayaje tout lajounen, yo te plante tant yo nan yon vale, e yo te rele vale a Alma, paske li te kondi yo nan dezè a.

21 Wi, yo te gaye “remèsiman yo bay Bondye nan vale Alma a, paske li te gen mizèrikòd pou yo, li te fè chay yo lejè, e li te delivre yo anba esklavaj; paske yo te nan esklavaj e pèsonn pa t kapab delivre yo, eksepte Senyè, Bondye yo a.

22 Epi, yo te remèsye Bondye; wi, tout gason, tout fi ak tout timoun ki te kapab pale, yo te leve vwa yo pou remèsye Bondye yo a.

23 Epi, Senyè a te di Alma: Prese sòti nan kote sa a avèk pèp sa a, paske, Lamanit yo te leve, e y ap suiv ou; se poutèt sa a, sòti nan kote sa a, e m ap rete Lamanit yo nan vale sa a, pou yo kapab pa suiv pèp sa a pi lwen.

24 Epi, se te konsa, yo te kite vale a, e yo te pati nan dezè a.

25 Epi, apre yo te pase douz jou nan dezè a, yo te rive nan peyi Zarayemla a, e wa Mozya te resevwa yo avèk lajwa.

CHAPIT 25

Desandan Melèk yo ki nan Zarayemla a vin tounen Nefit—Yo vin konnen pèp Alma a ak pèp Zenif la—Alma batize Limi ak tout pèp li a—Mozya otorize Alma pou l òganize legliz Bondye a. Anviwon 120 ANVAN JEZIKRI.

Epi kounyeya Wa Mozya te fè tout pèp la rasanble ansanm.

2 Kounyeya, pa t gen anpil pitit Nefi, oubyen, desandan Nefi, pase “pèp Zarayemla a ki te desandan ^bMelèk ak sa ki te sòti nan dezè a avèk li.

3 Epi, pa t gen anpil nan pèp Nefi a ak pèp Zarayemla a pase Lamanit yo; wi, yo pa t fè mwatye yo.

4 Epi kounyeya tout pèp Nefi a te rasanble ansanm ak tout pèp Zarayemla a, e yo te fè de gwoup.

5 Epi, se te konsa, Mozya te li, e li te fè yo li istwa Zenif la bay pèp li a; wi, li te li istwa pèp Zenif la depi lè yo te kite peyi Zarayemla a jistan yo te retounen ankò.

6 Epi, li te li istwa Alma ak frè l yo ak tout afliksyon yo tou depi lè yo te kite peyi Zarayemla a jistan yo retounen ankò.

7 Epi kounyeya, lè Mozya te fin li istwa yo, pèp li a ki te rete nan peyi a te frape anba sezisman ak etònman.

8 Paske, yo pa t konnen sa pou yo panse; paske yo te wè moun ki te delivre “nan esklavaj yo te chaje avèk anpil lajwa.

9 Epi ankò, lè yo te panse avèk frè yo ki te mouri anba men Lamanit yo, yo te chaje avèk lapenn e yo te menm jete anpil dlo nan lapenn.

10 Epi ankò, lè yo te panse avèk bonte imedyat Bondye ak pouvwa li ki te delivre Alma ak frè l yo anba esklavaj, anba men

21a GE Rekonesan, remèsiman.

25 2a Omni 1:13–19.
b Ela. 6:10.

GE Milèk.
8a Mozya 22:11–13.

Lamanit yo, yo te leve vwa yo pou yo remèsye Bondye.

11 Epi, ankò, lè yo te panse avèk Lamanit yo ki te frè yo, nan eta peche ak salte yo, yo te chaje avèk ^alapenn ak kèkase pou byen ^bnanm Lamanit yo.

12 Epi, se te konsa, moun ki te pitit Amilon ak frè l yo, ki te pran pitit fi Lamanit yo kòm madanm yo a, yo te fache pou konduit papa yo, e yo pa t vle gen non papa yo ankò; se poutèt sa, yo te pran non Nefi pou moun kapab rele yo pitit Nefi, e pou yo kapab fè pati nan pami moun ki rele Nefit yo.

13 Epi kounyeya, tout pèp Zarayemla a te ^akonte nan pami Nefit yo, paske wayòm nan pa t nan men lòt moun eksepte desandan Nefi yo.

14 Epi kounyeya, se te konsa, lè Mozya te fin pale klèman, ak li bay pèp la, li te vle pou Alma pale avèk pèp la tou.

15 Epi, Alma te pale avèk yo, pandan yo te fè yon gwoup, e li te ale nan yon gwoup apre lòt pou l ansenye pèp la repantans ak lafwa nan Senyè a.

16 Epi, li te egzòte pèp Limi an ak frè l yo, tout moun ki te delivre anba esklavaj pou yo sonje se Senyè a ki te delivre yo.

17 Epi, se te konsa, lè Alma te fin ansenye pèp la anpil bagay, e fin pale avèk yo, wa Limi te vle batize, e tout pèp li a te vle batize tou.

18 Se poutèt sa, Alma te ale nan dlo a, e li te batize yo. Wi, li te ^abatize yo menm jan li te batize frè l yo nan ^bdlo yo rele Mòmmon an; wi, e tout moun li te batize yo te vin manm legliz Bondye a; poutèt yo te kwè nan pawòl Alma yo.

19 Epi, se te konsa, wa Mozya te bay Alma pèmision pou l te etabli legliz la nan tout peyi Zarayemla a, e li te ba l ^apouvwa pou l òdone prèt ak enstriktè nan chak legliz.

20 Kounyeya, yo te fè sa, paske tèlman te gen anpil moun, yon sèl enstriktè pa t kapab dirije yo epi tou yo tout pa t kapab koute pawòl Bondye nan yon sèl asanble.

21 Se poutèt sa, yo te rasanble ansanm nan diferan gwoup, ki rele legliz. Chak legliz te gen prèt ak enstriktè pa yo, e chak prèt te preche pawòl la jan Alma te ba li l a.

22 Epi, konsa, menm si te gen anpil legliz, yo tout se te menm ^alegliz la; wi legliz Bondye a menm, paske anyen pa t preche nan legliz yo si se pa t repantans ak lafwa nan Bondye.

23 Epi kounyeya, se te konsa, te gen sèt legliz nan peyi Zarayemla a. Epi, konsa tout moun moun ki te vle pran ^anon Kris la oubyen non Bondye a sou tèt yo, yo te fè ansanm avèk legliz Bondye a.

24 Yo te rele ^apèp Bondye a, e Senyè a te mete lespri l sou yo,

11a Mozya 28:3-4;
Alma 13:27.
b GE Nanm—
Valè nanm.

13a Omni 1:19.
18a Mozya 21:35.
b Mozya 18:8-17.
19a GE Prètriz.

22a Mozya 18:17.
23a GE Jezikri—Pran non
Jezikri avèk nou.
24a GE Alyans.

yo te beni, e yo te pwospere nan peyi a.

CHAPIT 26

Enkwayan yo mennen anpil manm Legliz la nan peche—Alma resewa pwomès lavi etènèl—Moun ki repanti e ki batize yo jwenn padon—Manm Legliz nan peche yo, ki repanti e ki konfese devan Alma ak Senyè a ap jwenn padon; otreman, yo p ap konte nan pami pèp Legliz la. Anviwon 120-100 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, se te konsa, te gen anpil nan jenerasyon ki t ap leve a ki pa t kapab konprann pawòl wa Benjamen yo, yo te timoun piti lè l te pale avèk pèp li a, e yo pa t kwè nan tradisyon papa yo.

2 Yo pa t kwè pawòl ki te pale konsènan rezirèksyon mò yo, epi tou, yo pa t kwè konsènan Kris ki te gen pou l vini an.

3 Epi, poutèt enkwayans yo, yo pa t kapab "konprann pawòl Bondye, e kè yo te di.

4 Epi yo pa t vle batize ni ran tre nan legliz la. Yo te yon pèp apa dapre lafwa yo, e yo te toujou rete nan eta "chanèl ak peche yo; paske yo pa t vle priye Senyè a, Bondye yo a.

5 Epi kounyeya sou rèy Mozya a, yo pa t mwatye pèp Bondye a, men, poutèt "hinghang nan pami frè legliz yo, yo te vin plis.

6 Paske se te konsa, yo te twonpe anpil moun ki te nan legliz la avèk flatiri, e yo fè yo fè

anpil peche; se poutèt sa, li te nesèsè pou legliz la "avèti manm li yo ki te fè peche.

7 Epi, se te konsa, yo te mennen yo devan prèt yo, enstriktè yo te mennen yo devan prèt yo, e prèt yo te mennen yo devan Alma ki te "gran prèt la.

8 Kounyeya, Wa Mozya te bay Alma otorite sou legliz la.

9 Epi, se te konsa, Alma pa t konnen yo, men te gen yon pakèt temwen kont yo; wi, pèp la te kanpe e li te temwaye konsènan tout inikite yo.

10 Kounyeya bagay konsa pa t konn pase nan legliz la anvan sa; se poutèt sa, Lespri Alma te twouble e li te fè mennen yo devan wa a.

11 Epi, li te di wa a: Men yon pakèt moun nou mennen devan w. Frè yo te akize yo; wi, yo te bare yo nan anpil inikite. Epi, yo pa t repanti nan inikite yo, se poutèt sa, nou mennen yo devan w pou ou jije yo dapre krim yo te fè.

12 Men, wa Mozya te di Alma: M p ap jije yo, men m ap "remèt yo nan men w pou ou jije yo.

13 Epi kounyeya Lespri Alma te twouble ankò, e li t al mande Senyè a ki sa pou l fè konsènan zafè sa a, paske li te pè pou l pat fè sa ki pa bon devan Bondye.

14 Epi, se te konsa, lè l te fin louvri tout nanm li bay Bondye, vwa Senyè a te fè l tande l; li di:

15 Ou beni, Alma, epi moun ki te batize nan "dlo Mòmmon an yo, beni tou. Ou beni poutèt

26 3a GE Konpreyansyon.

4a GE Lòm natirèl.

5a GE Apostazi;

Kontansyon.

6a Alma 5:57-58; 6:3.

GE Avèti, avètisman.

7a Mozya 29:42.

12a D&A 42:78-93.

15a Mozya 18:30.

gwo ^blafwa ou genyen nan sèl pawòl Abinadi yo, sèvitè m nan.

16 Epi, yo beni, poutèt gwo lafwa yo genyen nan sèl pawòl ou te pale yo.

17 Epi ou beni paske w te tabli yon ^alegliz nan pami pèp sa a; yo pral tabli, e se pèp mwen yo pral ye.

18 Wi, pèp sa a ki vle pote non m nan beni, paske se ^anon m yo ap pote, e yo se pèp mwen.

19 Epi, paske w te poze m ke syon sou pechè yo, ou beni.

20 Se sèvitè m ou ye; e m fè alyans avèk ou, konsa w ap gen ^alavi etènèl; e w ap sèvi m, e ou prale nan non m pou ou rasanble brebi m yo ansanm.

21 E yon moun ki tande vwa m, li ap tounen ^abrebi pa m, e se moun sa a pou ou resevwa nan legliz la, e se li m ap resevwa tou.

22 Paske gade, sa a se legliz mwen an, nenpòt moun ki ^abatize, ap batize nan repantans. Epi, nenpòt moun ou resevwa, ap kwè nan non m, e m ap ^bpadone l libelibè.

23 Paske se mwen ki ^apran peche mond lan sou tèt mwen; paske se mwen ki te ^bkreye yo; epi se mwen ki bay moun ki kwè

jiskalafen yo yon plas bò kote dwat mwen.

24 Paske gade, se non m yo pote; si yo ^akonnen m y ap vini, epi y ap gen yon plas bò kote dwat mwen pou tout tan gen tan.

25 Epi, se pral konsa, lè ^adezyèm twonpèt la sonnen, lè sa a, moun ki pa t janm ^bkonnen m yo, ap leve pou yo kanpe devan m.

26 Epi, lè sa a, yo ap konnen m se Senyè a, Bondye yo a, m se Redanmtè yo a; men, yo p ap rachte.

27 Epi, lè sa a, m ap fè yo konnen m pa t janm ^akonnen yo; e yo ap ^bpati al nan ^cdife ki p ap janm fini an, ki te prepare pou dyab la ak zanj li yo.

28 Se poutèt sa, m di w, moun ki ^apa tande vwa m, ou pa dwe resevwa l nan legliz mwen an paske m p ap resevwa l nan dènye jou a.

29 Se poutèt sa, m di w, Ale; nenpòt moun ki transgrese kont mwen, ^ajije l ^bdapre peche li fè; si l ^ckonfese peche l devan w ak devan m, epi ^drepanti avèk yon kè sensè, ou dwe ^epadone l e m ap padone l tou.

30 Wi, epi ^adepi pèp mwen an ^brepanti, m ap padone peche yo fè kont mwen.

15b Mozya 17:2.

GE Lafwa.

17a Mozya 25:19–24.

18a Mozya 1:11; 5:8.

GE Jezikri—Pran non Jezikri avèk nou.

20a GE Eleksyon;

Eli;

Lavi etènèl.

21a GE Bon Bèje.

22a 2 Ne. 9:23.

GE Batèm, batize.

b GE Padon;

Remisyon peche yo.

23a GE Redanmtè.

b GE Kreyasyon, kreye.

24a Jan 17:3.

25a D&A 88:99, 109.

b D&A 76:81–86.

27a Mat. 7:21–23.

b Lik 13:27.

c D&A 76:43–44.

28a 2 Ne. 9:31; D&A 1:14.

29a GE Jij, jijman.

b GE Responsab, responsablite.

c 3 Ne. 1:25.

GE Konfese, konfesyon.

d GE Repantans, repanti.

e GE Padon.

30a Mowa. 6:8.

b Ezek. 33:11, 15–16;

Tra. 3:19–20;

Mozya 29:19–20.

31 Epi, youn ^adwe padone lòt pou peche yo; paske, tout bon, m di w, moun ki pa padone pwochen l, lè li di li repanti, li rale kondanasyon sou tèt li.

32 Kounyeya, m di w, Ale; moun ki pa repanti nan peche yo, p ap fè pati pèp mwèn an, e se sa k ap fèt depi kounyeya, pou tout tan.

33 Epi, se te konsa, lè Alma te tandè pawòl sa yo, li te ekri yo pou l te kapab genyen yo, pou l jije pèp legliz la daprè kòmandman Bondye yo.

34 Epi, se te konsa, Alma te al jije moun yo te pran nan inikite yo daprè pawòl Senyè a.

35 Epi, tout moun ki te repanti pou peche yo, e ki te ^akonfese yo, li te mete yo nan pami pèp legliz la.

36 Epi, moun ki pa t konfese peche yo e ki pa t repanti nan inikite yo, li pa t mete yo nan pami pèp legliz la, e non yo te ^aefase.

37 Epi, se te konsa, Alma te regle tout zafè legliz la; yo te kòmanse gen lapè ankò, e yo te kòmanse pwospere anpil nan zafè legliz la, yo te mache avèk prekosyon devan Bondye; yo te resevwa anpil moun, yo te batize anpil moun.

38 Se tout bagay sa yo Alma ak frè nan legliz yo te fè; yo te mache avèk anpil dilijans, yo te ansenye pawòl Bondye nan tout bagay, yo te soufri tout

kalite afliksyon, tout moun ki pa t nan legliz Bondye a te pèsekite yo.

39 Epi, yo te avèti frè yo, e pawòl Bondye te ^aavèti yo tou daprè peche yo, oubyen, daprè peche yo te fè, Bondye te ba yo kòmandman pou yo ^bpriye san rete, e pou yo ^cdi mèsi pou tout bagay.

CHAPIT 27

Mozya entèdi pèsekisyon e egzije egalite—Jèn Alma a ak kat pitit Mozya yo chèche pou yo detwi legliz la—Yon zanj parèt, epi li kòmande yo pou yo sispann move chemen an—Alma tonbe bouch be—Tout moun dwe nadenouvo pou yo kapab sove—Alma ak pitit Mozya yo deklare bon nouvèl la. Anviwon 100–92 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, pèsekisyon moun ki pa t manm legliz yo te bay moun ki te manm legliz yo te tèmman di, legliz la te kòmanse plenyen, yo te plenyen bay dirijan yo konsènan zafè a, e dirijan yo te plenyen bay Alma, e Alma te prezante sityasyon an devan wa yo a, Mozya, e Mozya te konsilte prèt li yo.

2 Epi, se te konsa, wa Mozya te voye yon pwoklamasyon nan tout peyi a, pou okenn enkredil pa t ^apèsekite moun ki te fè pati legliz Bondye a.

31a 3 Ne. 13:14–15;
D&A 64:9–10.

35a GE Konfese,
konfesyon.

36a Egz. 32:33;

Alma 1:24.

GE Ekskomunikasyon;
Liv lavi.

39a GE Avèti, avètisman.

b 2 Ne. 32:8–9.

c GE Rekonesan,
remèsiman.

27 2a GE Pèsekisyon,
pèsekite.

3 Epi, te gen yon kòmandman nan tout legliz la pou pa t gen pèsèkisyon nan pami yo, pou te gen ^aegalite ant tout moun;

4 Pou yo pa t kite lògèy ak awogans deranje ^alapè yo; pou tout moun ^bestime pwochen l tankou tèt pa l, pou yo travay avèk men pa yo pou sipòte yo.

5 Wi, epi pou tout prèt ak tout enstriktè ^atravay avèk men pa yo pou yo okipe tèt yo nan tout kondisyon, eksepte si yo malad ak si yo gen anpil bezwen; e lè yo fè sa, yo jwenn ^bgras Bondye avèk abondans.

6 Epi, te kòmanse gen anpil lapè nan peyi a ankò; pèp la te kòmanse anpil, li te kòmanse gaye sou sifas tè a; wi, nan nò ak nan sid, nan lès ak nan lwès, yo te bati gwo vil ak vilaj nan kat kwen peyi a.

7 Epi Senyè a te vizite yo e li te fè yo pwospere, e yo te vin tounen yon gwo pèp rich.

8 Kounyeya pitit gason Mozya yo te nan pami enkredil yo; youn nan ^apitit gason Alma yo te nan pami yo tou; li te rele Alma, menm jan avèk papa l; men, li te vin tounen yon nonm mekan anpil, li te vin ^bidolat tou. Li te konn pale byen, eli te pale anpil flatri bay pèp la, se poutèt sa, li te fè anpil moun nan pèp la fè menm kalite inikite ak li.

9 Epi, li te vin tounen yon gwo

obstak pou pwosperite legliz Bondye a; li te ^avòlè kè pèp la; li te lakoz hing hang nan pami pèp la; li te bay ènmi Bondye a yon chans pou l egzèsè pouvwa sou yo.

10 Epi kounyeya, se te konsa, pandan li ta pral detwi legliz Bondye a, paske li ta pral detwi legliz la an sekrè avèk pitit Mozya yo, pou l egare pèp Senyè a, pou kontredi kòmandman Bondye yo, oubyen menm kòmandman wa a—

11 Epi, jan m te di w pandan yo ta pral ^afè rebelyon kont Bondye, ^bzanj Senyè a te ^cparèt devan yo; li te desann kòm si l te nan yon nyaj, e li te pale ak yon vwa loray ki fè tè kote l te kanpe a tranble;

12 Epi, yo te tèlman sezi, yo te tonbe atè, e yo pa t konprann pawòl li te pale yo.

13 Men, li te rele ankò, li di: Alma, leve kanpe; poukisa w ap pèsèkite legliz Bondye a? Paske Senyè a te di: ^a“Se legliz mwen an, m ap tabli l, e anyen pa kapab chavire l, eksepte transgresyon pèp mwen an.

14 Epi, zanj lan te di ankò: gade Senyè a te tande ^apriyè pèp li a ak priyè Alma, sèvitè l la, papa w, paske li te priye avèk anpil lafwa pou w kapab vin konnen verite; se poutèt sa, m vini pou m konvenk ou, pou w konnen pouvwa ak otorite Bondye, pou konnen ^bpriyè

3a Mozya 23:7; 29:32.

4a GE Lapè.

b GE Estime.

5a Mozya 18:24, 26.

b GE Gras.

8a GE Alma, pitit

gason Alma.

b GE Idolatri.

9a 2 Sam. 15:1-6.

11a GE Rebelyon.

b GE Zanj yo.

c Tra. 9:1-9;

Alma 8:15.

13a GE Jezikri—

Tèt Legliz la.

14a Alma 10:22.

b Mòm. 9:36-37.

sèvitè l yo kapab gen repons daprè lafwa yo.

15 Epi kounyeya gade, èske ou kapab kontrekare pouvwa Bondye? Paske gade, èske vwa m pa fè tè a tranble? Epi, èske ou pa kapab wè m devan w? Se Bondye ki te voye m.

16 Kounyeya m ap di w: Ale, e sonje kaptivite zansèt ou yo nan peyi Elam ak peyi Nefi a, e sonje gwo bagay Bondye te fè pou yo; paske yo te nan esklavaj, e li te “delivre yo. Epi kounyeya, m di nou, Alma, al fè wout ou, pa chèche detwi legliz la ankò, pou priyè yo kapab jwenn repons, menm si ou gen pou w pini.

17 Epi kounyeya, se te konsa, se dènye pawòl zanj la te pale Alma, e li te pati.

18 Epi, kounyeya Alma ak moun ki te avèk li yo te tonbe atè a ankò paske yo te sezi anpil, paske yo te wè yon zanj Senyè a avèk je pa yo, vwa l te tankou loray ki te fè tè a tranble, e yo te konnen anyen pa ta kapab fè tè a tranble, si se pa t pouvwa Bondye, epi ki te fè l tranble tankou l ta pral fann.

19 Epi kounyeya Alma te tèlman sezi, li te vin bèbè, li pa t kapab ouvè bouch li; wi, e li te vin fèb tèlman, li pa t kapab bouje men l; se poutèt sa, moun ki te avèk li yo te pran l, e yo te pote l san konesans, jiskasko yo te mete l devan papa l.

20 Epi, yo te rakonte papa l tout sa k te pase yo; e papa l te kontan paske li te konnen se te pouvwa Bondye.

21 Epi, li te fè anpil moun rasanble ansanm pou yo kapab temwaye sa Senyè te fè pou pitit li a ak lòt moun ki te avèk li yo.

22 Epi, li te fè prèt yo rasanble ansanm, e yo te kòmanse jene ak priye pou Senyè Bondye yo a te kapab ouvè bouch Alma pou l kapab pale, e pou manm li yo te kapab jwenn fòs—pou je pèp la te kapab louvri, pou l te kapab wè, e pou l te kapab konnen bonte ak laglwa Bondye.

23 Epi, se te konsa, lè yo te fin jene ak priye de jou ak de nuit, manm Alma yo te pran fòs; li te kanpe, e li te kòmanse pale avèk yo, li te ba yo asirans pou yo konsole:

24 Li te di, paske m te repanti nan peche m yo, “Senyè a te rachte m; gade mwen pran nesans nan Lespri a.

25 Epi, Senyè a te di m: Pa sezi paske tout moun, wi, gason ak fi, tout nasyon, fanmi, lang ak pèp dwe “fèt ankò; wi, nede-nouvo nan Bondye, ^bchanje eta ^cchanèl la ak eta la chit la, pou yo vin nan yon eta lajistis, pou Bondye rachte yo, pou yo kapab vin tounen pitit gason ak pitit fi Bondye;

26 Se konsa yo vin tounen kre-yati nèf; epi si yo pa fè sa, “yo pa

16a Mozya 23:1–4.

24a 2 Ne. 2:6–7.

GE Redanmtè,
restablisman,
redansmyon.

25a Wom. 6:3–11;

Mozya 5:7;

Alma 5:14;

Moyiz 6:59.

GE Fèt ankò, fèt

nan Bondye.

b Mozya 3:19; 16:3.

c GE Chanèl.

26a Jan 3:5.

kapab eritye wayòm Bondye a nan onkenn fason.

27 M ap di w, si se pa konsa, y ap chase yo; m konn sa paske yo te prèske chase m.

28 Men, lè m te fin travèse anpil tribilasyon, m te repanti jistan m te manke mouri, Senyè a, nan mizèrikòd li, li te jije nesèsè pou l rale m sòti nan yon “dife ki p ap janm fin boule, e m te nede-nouvo nan Bondye.

29 Nanm mwen te rachte anba fyèl anmè ak kòd inikite. M te nan twou ki pi fènwa a, men, kounyeya, m wè limyè Bondye a. Nanm mwen te “sibi anba touman ki p ap janm fini an, men m rachte e nanm mwen pa dechire ankò.

30 M te rejte redanmtè m nan, e m te nye bagay zansèt nou yo te pale yo; men, kounyeya, pou yo kapab wè li gen pou l vini, e li sonje tout kreyati l yo, li ap parèt devan yo.

31 Wi, “tout jenou pral pliye, e tout lang pral konfese devan l. Wi, menm nan dènye jou a, lè tout moun kanpe devan l pou l ^bjije yo; lè sa a, yo ap konfese pou di li se Bondye, e moun yo ki viv ‘san Bondye nan mond lan, yo ap konfese pou fè konnen jijman pinisyon etènèl ki bay kont yo a; yo ap souke e yo ap tranble, e yo pral fè bak devan ^dgrenn je li ki pral pèsè yo.

32 Epi kounyeya, se te konsa,

depi lè sa a, Alma te kòmanse ansenye pèp la, e moun ki te avèk Alma yo lè zanj la te parèt devan yo a, yo te vwayaje nan tout peyi a pou yo anonse tout moun, sa yo te tandè ak sa yo te wè, yo te ansenye pawòl Bondye nan anpil tribilasyon, enkredil yo te pèsèkite yo anpil, e anpil ladan yo te frape yo.

33 Men, malgre tout sa, yo te pote anpil konsolasyon nan legliz la; yo te konfime lafwa yo e yo te egzòte yo pou yo reziste e travay anpil pou yo respekte kòmandman Bondye yo.

34 Epi kat ladan yo se te “piti gason Mozya, e yo te rele Amon, Aawon, Omnè ak Imni; se non pitit Mozya yo.

35 Epi yo te vwayaje nan tout peyi Zarayemla a ak nan pami tout moun ki te anba rèy wa Mozya a; yo te eseye avèk gwo efò pou yo repare tò yo te fè legliz la, yo te konfese tout peche yo, yo te pibliye tout bagay yo te wè, e yo te esplike pwofesi ak ekriti yo pou tout moun ki te vle tandè yo.

36 Epi se konsa yo te sèvi kòm zouti nan men Bondye pou yo mennen anpil moun nan konesans verite a wi, nan konesans redanmtè yo a.

37 Epi, yo beni! Paske yo te “pibliye lapè; yo te pibliye ^bbòn nouvèl, e yo te deklare pèp la Senyè a se Wa.

28a 2 Ne. 9:16.

29a Mozya 2:38.

31a Filip. 2:9–11;
Mozya 16:1–2;
D&A 88:104.

^b GE Jezikri—Jij.

^c Alma 41:11.

^d GE Bondye, Divinité.

34a GE Amon, pitit gason Mozya.

37a Eza. 52:7;

Mozya 15:14–17.

GE Preche.

^b GE Levanjil.

CHAPIT 28

Pitit gason Mozya yo al ansenye Lamanit yo—Mozya itilize de wòch vwayan yo pou l tradui plak Jaredit yo. Anviwon 92 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, se te konsa, apre “pitit gason Mozya yo te fin fè tout bagay sa yo, yo te pran yon ti gwoup avèk yo, e yo te retounen bò kote papa yo, wa a, epi yo te vle ale avèk moun yo te chwazi yo, nan peyi ^bNefi a, pou yo te kapab ansenye bagay yo te tande yo, pou yo te kapab pataje pawòl Bondye a avèk frè yo, Lamanit yo—

2 Pou yo te kapab, petèt, fè yo konnen Senyè, Bondye yo a, e pou yo te kapab konvenk yo konsènan inikite zansèt yo; e petèt, sa ta kapab geri “rayisman yo te genyen pou Nefit yo, pou yo ta kapab rejwi nan Senyè Bondye yo a, pou youn ta kapab vin byen, avèk lòt, e pou ta kapab pa gen chirepit nan tout peyi Senyè Bondye yo a te ba yo a.

3 Kounyeya, yo te vle deklare sali pou tout kreyati, paske yo pa t kapab “sipòte pou ^bnanm okenn moun ta peri; wi, menm sèlman imajine yon nanm ta kapab soufri “touman etènèl, sa te souke yo, sa te fè yo tranble.

4 Epi, konsa Lespri Senyè a te travay avèk yo, paske, yo te “pi move pechè ki te kapab egziste.

Epi, Senyè a te jije nesèsè nan ^bmizèrikòd enfini li a pou l epaye yo; malgre sa, yo te soufri anpil doulè nan nanm yo, poutèt inikite yo, yo te soufri e yo te pè anpil pandan Bondye pa t chase yo pou tout tan.

5 Epi, se te konsa, yo te plede devan papa yo pou anpil jou, pou yo te kapab monte nan peyi Nefi a.

6 Epi, wa Mozya t al mande Senyè a si l ta dwe kite pitit gason l yo ale nan pami Lamanit yo pou yo ansenye pawòl la.

7 Epi, Senyè a te di Mozya: Kite yo ale paske gen anpil moun ki ap kwè nan pawòl yo, e yo ap gen lavi etènèl; e m ap “delivre pitit gason w yo anba men Lamanit yo.

8 Epi, se te konsa, Mozya te kite yo ale pou yo kapab fè jan yo te mande l la.

9 Epi yo te “vwayaje nan dezè a pou y al ansenye Lamanit yo pawòl la; e apre sa, m a di ^bkòman sa pase.

10 Kounyeya, wa Mozya pa t gen pèsonn pou l pase wayòm nan bay, paske yo youn nan pitit gason li yo pa t vle aksepte wayòm nan.

11 Se poutèt sa, li te pran rejis ki te ekri sou “plakderen yo, ak plak Nefi yo ak tout bagay li te respekte pou l konsève dapre komandman Bondye yo, apre l te fin tradui, e fè ekri istwa ki te sou ^bplak lò pèp Limi a te jwenn

28 1a Mozya 27:34.
b Omni 1:12-13;
Mozya 9:1.
2a Jakòb 7:24.
3a Alma 13:27;
3 Ne. 17:14;

Moyiz 7:41.
b GE Nanm—
Valè nanm.
c Jakòb 6:10;
D&A 19:10-12.
4a Mozya 27:10.

b GE Mizèrikòd.
7a Alma 19:22-23.
9a Alma 17:6-9.
b Alma 17-26.
11a GE Plak deren.
b GE Plak lò yo.

nan, epi Limi te ba li yo avèk men l.

12 Epi, li te fè sa poutèt anksyete pèp li a, paske yo te reyèlman vle konnen pèp ki te detwi a.

13 Epi kounyeya, li te tradui yo avèk de “wòch ki te fikse nan yon sèk.

14 Bagay sa yo te prepare depi nan kòmansman, yo te pase nan yon jenerasyon apre yon lòt pou entèprete lang.

15 Epi, Senyè a te kenbe yo pou yo te kapab prezève, pou l te kapab devwale inikite ak abominasyon pèp sa a bay tout kreyati ki ta vin posede peyi sa a.

16 Epi, nenpòt moun ki gen bagay sa yo, li rele “vwayan, tankou nan tan lontan.

17 Lè Mozya te fin tradui rejis sa yo, ki te rakonte istwa yon pèp ki te detwi, depi lè yo te “detwi nan epòk yo t ap bati b'gwo fòtrès, jouk nan lè Senyè a te “konfonn pèp la, e yo te dispèse sou tout tè a, wi, depi lè sa a menm jouk nan kreyasyon Adan.

18 Kounyeya Istwa sa a te fè pèp Mozya a kriye anpil, wi yo te chaje avèk lapenn, men li te ba yo konesans ki te fè yo kontan.

19 Epi istwa sa a pral ekri apre; paske, li nesèsè pou tout moun konnen bagay ki ekri nan istwa sa a.

20 Epi kounyeya, jan m te di

w la, lè wa Mozya te fin fè bagay sa yo, li te pran “plakderen yo ak tout bagay li te kenbe yo, e li te bay Alma yo, Alma ki te pitit Alma a, wi tout rejis ak b'entèprèt yo, e li te ba li yo, e li te kòmande l pou l kenbe yo, e pou l ‘prezève yo; pou l kenbe istwa pèp la, e pou l pase yo de jenerasyon an jenerasyon, menm jan yo te pase men nan men depi lè Leyi te kite Jerizalèm nan.

CHAPIT 29

Mozya pwopoze pou yo chwazi jij nan plas wa—Wa enjis mennen pèp yo nan peche—Pèp la chwazi jèn Alma kòm jij anchèf—Li se gran prèt legliz la tou—Alma, papa a, ak Mozya mouri. Anviwon 92–91 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, lè Mozya te fin fè sa, li te voye nan tout peyi a, nan pami tout pèp la pou l kapab konnen ki moun yo ta vle pou wa yo.

2 Èpi, se te konsa, vwa pèp la te fè tandè l, yo di: Nou vle pitit ou a, Aawon pou wa ak dirijan nou.

3 Kounyeya, Aawon te monte nan peyi Nefi a, se poutèt sa, wa a pa t kapab ba li wayòm nan; epi tou, Aawon pa t ap pran wayòm nan; epi yo youn nan “pitit gason Mozya yo pa t vle pran wayòm nan.

4 Se poutèt sa, wa Mozya te voye nan pami pèp la ankò, wi,

13a GE Ourim ak Toumim.

16a Mozya 8:13–18.

GE Vwayan.

17a Mozya 8:7–12.

b Etè 1:1–5.

c Jen. 11:6–9.

20a Alma 37:3–10.

b GE Ourim ak Toumim.

c GE Ekriti yo—Ekriti

ki dwe prezève.

29 3a Mozya 27:34.

li menm te voye yon mesaj ekri nan pami pèp la. Epi, men pawòl ki te ekri:

5 Gade o pèp mwen an, oubyen frè m yo, paske se konsa m konsidere nou; m vle nou konsidere koz nou dwe konsidere a, paske nou vle gen yon ^awa.

6 Kounyeya m deklare nou, moun ki gen dwa nan wayòm nan retire kò l, e li pa vle pran responsablite wayòm nan.

7 M pè pou pa ta gen chirepit nan pami nou, si yon lòt moun ta lonmen nan plas li. Epi, kiyès ki konnen si pitit gason m nan ki gen dwa nan wayòm nan pa t ap vin fache epi mennen yon pati pèp la deyè l, sa ta lakòz lagè ak chirepit nan pami nou, sa ta lakòz anpil san koule, e chemen Senyè a ta p pèvèti, wi, e sa ta detwi nanm anpil moun.

8 Kounyeya m di ou, an nou konsidere bagay sa yo avèk sajès, paske nou pa gen dwa detwi pitit mwen an, ni tou, nou pa gen dwa detwi onkenn lòt moun ki ta lonmen nan plas li.

9 Epi, si pitit mwen an ta retouren ankò nan lògèy ak vanite li yo, li ta kapab demanti bagay li te di yo, e li ta reklame dwa li genyen nan wayòm nan, sa ta kapab fè pèp li a fè anpil peche.

10 Epi kounyeya an nou gen sajès pou nou konsidere bagay sa yo, e pou nou fè sa k ap mete lapè nan pami pèp sa a.

11 Se poutèt sa, m ap rete wa nou pandan rèz jou m yo; men, ^aan nou lonmen ^bjij, pou jije pèp

sa a daprè lwa nou; e n ap ranje zafè pèp sa a yon nouvo fason, paske n ap lonmen nonm ki saj pou jij, ki kapab jije pèp sa a daprè kòmandman Bondye.

12 Kounyeya li pi bon pou Bondye jije yon moun pase yon nonm jije l, paske jijman Bondye yo toujou jis, men, jijman lòm pa toujou jis.

13 Se poutèt sa, si l te posibil pou nou ta toujou genyen ^amoun ki jis pou wa, ki ta etabli lwa Bondye, e ki ta jije pèp la daprè kòmandman yo, wi, si nou ta kapab gen moun pou wa ki ta fè tankou papa m, ^bBenjamin te fè pou pèp sa a—M di nou si sa ta kapab toujou konsa, li ta nesèsè pou nou ta toujou gen wa pou dirije nou.

14 Epi, menm mwen, m te travay avèk tout pouvwa ak posibilite m posede pou m ansenye nou kòmandman Bondye yo, e pou m kapab tabli lapè nan peyi a, pou kapab pa gen chirepit ak vòl, ak piyay, ak masak ni okenn kalite inikite;

15 Epi, nenpòt moun ki te komèt inikite, m te ^apini l daprè krim li te fè a, daprè lwa zansèt nou yo te ban nou.

16 Kounyeya m di nou, paske tout moun pa jis, li pa nesèsè pou nou ta gen yon wa pou dirije nou.

17 Paske gade, kantite ^ainikite yon sèl ^bwa mechan kapab lakòz, wi, e sa ta yon gwo destriksyon!

18 Wi, sonje wa Noye, ^amechanste ak abominasyon l yo, e

5a 1 Sam. 8:9–19.
11a Mozya 29:25–27.
b Egz. 18:13–24.

13a Mozya 23:8, 13–14.
b P—M 1:17–18.
15a Alma 1:32–33.

17a Alma 46:9–10.
b Mozya 23:7–9.
18a Mozya 11:1–15.

mechanste ak abominasyon pèp li a. Gade gwo destriksyon ki te tonbe sou yo; e poutèt inikite yo tou, yo te tonbe nan ^besklavaj.

19 Epi si se pa t entèvansyon kreyatè yo a ki gen lasajès, ak repantans sensè yo a, yo ta p rete rèd nan esklavaj jouk kounyeya.

20 Men gade, li te delivre yo paske yo te ^aimilye yo devan l; epi, paske yo te ^bkriye anpil nan pye l, li te delivre yo anba esklavaj; e konsa Senyè a travay avèk pouvwa l nan pami lèzòm, li lonje ponyèt ^cmizèrikòd li bay moun ki mete ^dkonfyans yo nan li.

21 Epi gade kounyeya, m di nou, nou pa kapab detwone yon wa pechè san pa gen anpil chirepit ak anpil san koule.

22 Paskè gade, li gen ^azanmi li yo nan inikite, e li kite gad li yo bò kote l, e li kraze lwa moun ki te gouvène ak lajistis anvan l yo; e li pase kòmandman Bondye yo anba pye.

23 Epi li fè lwa, e li voye yo nan pami pèp li a, wi, lwa daprè pwòp ^amechanste li, e nenpòt moun ki pa obeyi lwa l yo, li fè detwi l, e nenpòt moun ki fè rebèl kont li, l ap voye lame li pou goumen avèk yo, e si l kapab, l ap detwi yo; e se konsa yon wa enjis chanje tout zafè lajistis.

24 Epi kounyeya, gade m di nou, li pa neesè pou abominasyon sa yo tonbe sou nou.

25 Se poutèt sa, chwazi jij pou

jije nou selon vwa pèp sa a, pou yo ka jije nou daprè lwa zansèt nou yo te ba nou yo, lwa ki kòrèk, ke Senyè a te ba yo.

26 Kounyeya, se pa souvan vwa pèp la vle yon bagay ki kontrè avèk sa ki bon; men, souvan, yon ti gwoup nan pèp la vle sa ki pa bon; se poutèt sa, men sa pou nou fè, e fè sa tounen lwa nou—mennen aktivite nou avèk konsantman pèp la.

27 Epi, ^asi yon lè vwa pèp la chwazi inikite, se lè sa a jijman Bondye ap tonbe sou nou; wi, se lè sa a, l ap vizite nou avèk gwo destriksyon, menm jan li te fè deja nan peyi sa a.

28 Epi kounyeya, si nou gen jij ki pa jije nou daprè lalwa nou genyen an, nou kapab fè pi gwo jij jije yo.

29 Si pi gwo jij yo pa jije ak lajistis, nou kapab fè yon ti gwoup nan pi piti jij nou yo mete ansanm pou yo jije pi gwo jij yo daprè vwa pèp la.

30 Epi, m kòmande nou pou nou fè bagay sa yo avèk lakrent Senyè a, e m kòmande nou pou nou fè bagay sa yo, e pou nou pa gen wa, pou si pèp la fè peche, ak inikite, pou yo tonbe sou tèt pa l.

31 Paskè gade, m ap di nou, se inikite wa yo ki te lakòz peche pèp mwen an, se poutèt sa, inikite yo tonbe sou tèt wa yo.

32 Epi kounyeya, m vle pou ^ainegalite sa a sispann nan peyi

18b 1 Sam. 8:10–18;
Mozya 12:1–8;
Etè 6:22–23.

20a Mozya 21:13–15.
b Egz. 2:23–25;

Alma 43:49–50.

c Ezek. 33:11, 15–16;

Mozya 26:30.

d GE Konfyans, konfyè.

22a 1 Wa 12:8–14.

23a GE Mechan,
mechanste.

27a Alma 10:19.

32a Alma 30:11.

sa a, espesyalman nan pami pèp mwen an; men, m vle pou peyi sa a tounen yon peyi ^blibète e 'chak moun dwe jwi dwa ak privilèj yo menm jan, depi Senyè a jije nesesè pou nou viv e pou nou eritye peyi a, wi menm, osi lontan desandan nou yo rete nan peyi a.

33 Epi, wa Mozya te ekri yo anpil lòt bagay, li te devlope devan yo tout traka ak pwoblèm yon wa jis, wi, tout soufrans nanm yo pou pèp yo a ak tout konplent yon pèp devan wa yo, e li te esplike yo tout sa.

34 Epi, li te di yo bagay sa yo pa dwe fèt, men, chay la dwe vini sou do tout pèp la pou chak moun pote pa l.

35 Epi, li montre yo tou tout dezavantaj yo sibi lè yon wa enjis ap gouvène yo;

36 Wi, tout inikite ak abominasyon, tout lagè ak tout chirepit ak vòl ak piyay ak adiltè ak tout kalite inikite ki pa kapab konte, li te di yo, bagay sa yo pa dwe fèt, paske bagay sa yo kont kòmandman Bondye yo.

37 Epi kounyeya, se te konsa, lè wa Mozya te fin voye bagay sa yo nan pami pèp la, yo te kwè tout bon, pawòl li yo se verite.

38 Se poutèt sa, yo te retire anvi yo te genyen pou yo gen yon wa, e yo te dispoze pou tout moun nan tout peyi a gen menm chans; wi, e chak moun te vle pran responsablite peche pa l.

39 Se poutèt sa, se te konsa, yo te rasanble ansanm fè gwoup

nan tout peyi a pou yo vote pou jij yo, ki pou jije yo daprè "lwa yo te genyen yo; e yo te kontan anpil poutèt ^blibète yo te genyen an.

40 Epi, yo te vin renmen Mozya anpil; wi, yo te ba li plis valè pase nenpòt lòt moun; paske yo pa t pran l pou yon tiran ki t ap chèche enterè, wi, ki t ap chèche byen ki kowonpi nanm, paske li pa t pran richès nan men yo, epi tou, li pa t pran plèzi nan fè san koule; men, li te tabli "lapè nan peyi a, e li te delivre pèp li a anba tout kalite esklavaj, se poutèt sa, yo te ba l valè; wi, san mezure.

41 Epi, se te konsa, yo te lonmen "jij pou dirije yo oubyen pou jije yo daprè lwa a, e yo te fè sa nan tout peyi a.

42 Epi, se te konsa, yo te lonmen Alma premye jij anchèf, li te gran prèt tou, papa l te ba li grad sa a, e li te ba li chay tout zafè legliz la.

43 Epi kounyeya, se te konsa, Alma te "mache nan chemen Senyè a, e li te respekte kòmandman yo, e li te fè jijman ki jis, epi te toujou gen lapè nan peyi a.

44 Epi, se konsa rèy jij yo te kòmanse nan tout peyi Zarayemla a, nan pami pèp ki te rele Nefit yo; e Alma te premye a ak jij anchèf la.

45 Epi kounyeya, se te konsa, papa l te mouri, li te gen katrevende zan, e li te viv pou l akonpli kòmandman Bondye.

32b 2 Ne. 1:7; 10:11.
GE Libète.
c Alma 27:9.

39a Alma 1:14.
b GE Libète.
40a GE Pezib.

41a Mozya 29:11.
43a GE Mache, mache avèk Bondye.

46 Epi, se te konsa, Mozya te mouri tou nan tranntwazyèm ane rèy li a; li te gen ^aswasann^atwazan, sa fè yon total, senksannèf ane depi Leyi te kite Jerizalèm.

47 Epi, se konsa rèy wa yo te fini nan pami pèp Nefi a, e se konsa jou Alma, ki sete fondatè legliz yo a, te fini.

LIV ALMA A

PITIT GASON ALMA A

Istwa Alma, ki te pitit gason Alma, premye a ak jij anchèf sou tèt pèp Nefi a, Epi tou gran prèt alatèt legliz la. Istwa gouvènman jij yo ak lagè ak chirepit nan pami pèp la. Epi tou, yon istwa lagè nan pami Nefit ak Lamanit yo dapre rejis Alma, ki se premye a ak jij anchèf.

CHAPIT 1

Neyò preche fo doktrin, li tabli yon legliz, entwodui en trigdeprèt epi li touye Jedeon—Yo egzekite Neyò pou krim li yo—En trigdeprèt ak pèsekisyon gaye nan pami pèp la—Prèt yo sipòte tèt pa yo, pèp la pran swen pòv yo, epi Legliz la pwospere. Anviwon 91–88 AN-VAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, se te konsa, nan premye ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a, depi kounyeya jouk apre, wa Mozya te fin ^afè ronn tout tè a, li te goumen pou l fè sa ki bon, li te mache dwat devan Bondye, li pa t kite pèsonn pou gouvène nan plas li; men, li te tabli ^blwa yo, e pèp la te rekonèt yo, se poutèt sa, yo te oblije mache dapre lwa li te fè yo.

2 Epi, se te konsa, nan premye

ane gouvènman Alma sou fotèy jijman an, te gen yon ^anonm yo te mennen devan l pou l te jije; yon nonm men gwosè, e fòs li te fè yo pale de li:

3 Epi, li t ap mache nan pami pèp la pou l te preche yo ^aswadizan pawòl Bondye a, li te ^bdesann valè legliz la; li te deklare bay pèp la chak prèt ak chak enstriktè dwe vin ^cpopilè, e ^dyo pa dwe travay avèk men yo, men se pèp la ki dwe pran swen yo.

4 Epi, li te temwaye devan pèp la tou, li te di yo nan dènèy jou a tout moun ap sove, e yo pa bezwen pè, ni tranble, men yo ta dwe leve tèt yo pou yo rejwi; paske Senyè a te kreye tout moun, e li te rachte tout moun tou; e alafen, tout moun ap gen lavi etènèl.

5 Epi, se te konsa, li te tèlman

46a Mozya 6:4.

[ALMA]

1 1a Mozya 29:46.

b Jawòm 1:5;
Alma 4:16; Ela. 4:22.
2a Alma 1:15.
3a Ezek. 13:3.

b GE Antekris.
c Lik 6:26;
1 Ne. 22:23.
d Mozya 18:24, 26; 27:5.

ansenye bagay sa yo, gen anpil moun ki te kwè nan pawòl li yo; yo te tèlman anpil, yo te kòmanse pran swen l'epi ba l' lajan.

6 Epi, li te kòmanse chaje kè l'avèk lògèy, e li te kòmanse mete rad ki te koute chè, wi, li te menm kòmanse tabli yon "legliz dapre prèch li yo.

7 Epi, se te konsa, pandan l't ap prale pou l'al preche moun ki te kwè nan pawòl li yo, li te rankontre yon nonm ki te manm legliz Bondye a; wi, se te menm youn nan enstriktè yo; epi li te kòmanse antrè nan opozisyon avèk li tout bon pou l'te kapab egare pèp legliz la; men, nonm nan te reziste devan l, li te reprimande l'avèk "pawòl Bondye.

8 Nonm nan te rele "Jedeon; epi se li menm ki te sèvi kòm zouti nan men Bondye pou l'delivre pèp Limi an anba esklavaj.

9 Kounyeya, paske Jedeon te reziste devan l'avèk pawòl Bondye, li te fache kont Jedeon; li te rale epe l, epi l'te kòmanse frappe l. Men Jedeon te avanse nan laj, se poutèt sa, li pa t kapab reziste anba kou yo, se poutèt sa, li te "mouri anba kout epe yo.

10 Epi pèp legliz la te pran nonm ki te touye l'la e yo te mennen l'devan Alma pou l'te "jije dapre krim li te fè yo.

11 Epi, se te konsa, li te kanpe devan Alma, e l'te plede fèm pou l'defann tèt li.

12 Men, Alma te di l: gade se

premye fwa "entrigdeprèt te entwodui nan pami pèp sa a. Epi gade w pa sèlman koupab nan entrigdeprèt, men, ou fòse yo pou yo aksepte l'avèk epe; epi si yo ta dwe enpoze entrigdeprèt nan pami pèp sa a, sa t'ap lakòz destriksyon total li.

13 Epi, ou vèsè san yon nonm ki jis, wi, yon nonm ki fè anpil bon bagay nan pami pèp sa a, e si nou pa ta touye w, san nonm sa a t'ap tonbe sou tèt nou pou l'ta chache "vanjans.

14 Se poutèt sa, ou "kondane pou w mouri dapre lalwa Mozya la, dènye wa nou an ke nou te chwazi a, e pèp sa a te rekonèt lalwa sa a; se poutèt sa, pèp sa a dwe mache dapre lalwa a.

15 Epi, se te konsa, yo te pran l; non li se te "Neyò, e yo te mennen l'sou tèt kolin ki te rele Manti a, epi kote sa a li te oblije, oubyen pito li te rekonèt nan mitan syèl la ak tèt a, li te aprann pèp la sa ki te kontrè avèk pawòl Bondye a, epi kote sa a, li te sibi yon "lanmò degradan.

16 Men, sa pa t'enpeche entrigdeprèt gaye nan peyi a, paske te gen anpil moun ki te renmen vanite mond lan, e yo t'al preche fo doktrin, e yo te fè sa pou lanmou "richès ak lonè.

17 Men, yo pa t kapab bay "manti pou moun te konnen, akòz lalwa a, paske mantè yo te jwenn pinisyon; se poutèt sa, yo te pretann ki te yo preche dapre

6a 1 Ne. 14:10.

7a GE Pawòl Bondye.

8a Mozya 20:17; 22:3.

9a Alma 6:7.

10a Mozya 29:42.

12a 2 Ne. 26:29.

GE Fo prèt.

13a GE Vanjans.

14a GE Pinisyon kapital.

15a Alma 1:2.

b Det. 13:1-9.

16a GE Anven, vanite;

Richès.

17a GE Manti;

Onèt, onètete.

pròp kwayans yo, e lalwa a pa t gen pouvwa sou okenn moun ^bpoutèt kwayans yo.

18 Epi, yo pa t kapab “vòlè akòz lalwa a, paske vòlè yo te jwenn pinisyon, ni tou yo pa t kapab sezi bagay moun, ni asasin moun, paske yon moun ki te ^basinen lòt moun te resevwa pinisyon ‘lanmò.

19 Men, se te konsa, nenpòt moun ki pa t manm legliz Bondye a, te kòmanse pèsekite moun sa yo ki te manm legliz Bondye a e ki te pran non Kris la sou tèt yo.

20 Wi, yo te pèsekite yo, yo te di yo pawòl ki pou te aflije yo akòz imilite yo; paske yo pa t viv nan lògèy, epi paske youn te pataje pawòl Bondye a ak lòt san “lajan e san pri.

21 Kounyeya, te gen yon lalwa sevè nan pami pèp legliz la pou okenn moun ki te manm legliz la pa t kanpe pou l te “pèsekite moun ki pa t manm legliz la, e pou pa t gen okenn pèsekisyon nan pami yo.

22 Men, te gen anpil moun nan pami yo ki te kòmanse gen lògèy, e ki te kòmanse antre nan gwo opozisyon avèk advèsè yo jistan youn te frape lòt, wi, youn te frape lòt avèk kout pwen.

23 Kounyeya se te nan dezyèm ane gouvènman Alma a, epi sa te lakòz anpil afliksyon pou legliz

la, wi sa te lakòz anpil traka pou legliz la.

24 Paske, anpil moun te gen kè di, epi non yo te “efase, pou pèp Bondye a te kapab bliye yo, epi anpil te ^bretire kò yo nan pami yo.

25 Kounyeya, se te yon gwo traka pou moun ki te kenbe tennfas nan lafwa, men, yo te kenbe tennfas san vire gade dèyè nan fason yo te respekte kòmandman Bondye yo, epi yo te soufri pèsekisyon yo ki te tonbe sou do yo avèk “pasyans.

26 Epi, lè prèt yo te kite “travay yo pou yo te kapab pataje pawòl Bondye a avèk pèp la, pèp la te kite travay yo tou pou l te kapab koute pawòl Bondye a. Epi, lè prèt yo te fin pataje pawòl Bondye a avèk yo, yo tout te tounen avèk dilijans nan travay yo; epi yon prèt pa t konsidere tèt li te plis pase moun ki t ap koute l yo, paske predikatè a pa pi bon pase moun k ap koute l yo ni, enstriktè a pa pi bon pase moun k ap aprann nan yo; se konsa, yo tout te egal, epi yo tout te travay, chak moun ^bdapre fòs li.

27 Epi, yo te “pataje byen yo, chak moun dapre sa li te genyen, avèk ^bpòv, avèk moun ki nan bezwen, avèk moun ki malad, epi avèk moun ki nan afliksyon; epi yo pa t mete rad ki te koute chè, men yo te pwòp e yo te bèl.

28 Epi, se te konsa, yo te tabli

17b Alma 30:7–12;
AL 1:11.

18a GE Vòl, vòlè.

b GE Ansasen.

c GE Pinisyon kapital.

20a Eza. 55:1–2.

21a GE Pèsekisyon,
pèsekite.

24a Egz. 32:33;

Mozya 26:36;

Alma 6:3.

GE Ekskominikasyon.

b Alma 46:7.

GE Apostazi.

25a GE Pasyans.

26a Mozya 18:24, 26;

27:3–5.

b Mozya 4:27;

D&A 10:4.

27a GE Fè lacharite,
lacharite.

b Lik 18:22;

Mozya 4:26;

D&A 42:29–31.

zafè legliz la, epi yo te kòmanse gen lapè tout tan ankò malgre tout pèsekisyon yo.

29 Epi kounyeya, poutèt dwati legliz la, yo te kòmanse vin “rich anpil, yo te gen abondans nan tout bagay yo te bezwen—yo te gen abondans bèt ak tout kalite bèt gra, ak manje, ak lò, ak lajan, ak bagay ki te koute chè, epi abondans twal ^bswa ak twal fen ak tout kalite bon rad.

30 Epi se konsa, avèk “richès yo te genyen, yo pa t ranvwaye pèsonn ki te ^btoutouni, ni moun ki te grangou, ni moun ki te swaf, ni moun ki te malad, oubyen moun ki pa t gen manje; yo pa t mete lide yo sou richès; se poutèt sa, yo te sèvi tout moun menm jan an, ni granmoun ak jèn moun, ni esklav ak lib, ni gason ak fi, ni moun ki nan legliz ak moun ki pa t nan legliz, yo pa t fè “eksepsyon ant pèsonn ki te nan bezwen.

31 Epi kounyeya, se te konsa, yo te pwospere epi yo te vin pi rich anpil pase moun ki pa t nan legliz yo a.

32 Paske moun ki pa t nan legliz yo a te lage kò yo nan lougawou ak “idolatri oubyen nan ^blaparès ak fè diskisyon “bana, nan ^danvi ak zizani; yo te mete rad ki te koute chè, yo te “gonfle kè yo avèk lògèy; yo te tonbe nan pèsekisyon ak nan fè manti, ak vòlè, ak piyay, yo te fè adiltè ak asasina ak tout

kalite mechanste; men, lalwa a te aplike kont tout moun ki te transgese l yo nan mezi, sa te posib.

33 Epi, se te konsa, lè lalwa a te egzèse kont yo, chak moun te sibi daprè sa l te fè; yo te vin pi poze, epi yo pa t fè okenn mechanste pou moun konnen; se poutèt sa, te gen anpil lapè nan pami pèp Nefi a jouk nan senkyèm ane gouvènman jij yo.

CHAPIT 2

Amlisi bezwen vin wa, epi pèp la te rejte l pa mwayen bilten vòt yo—Patizan l yo te fè l wa yo—Amlisit yo fè lagè avèk Nefit yo e yo pèdi batay la—Lamanit ak Amlisit yo mete fòs yo ansanm, epi yo pèdi batay—Alma touye Amlisi. Anviwon 87 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, nan kòmansman senkyèm ane gouvènman jij yo, te kòmanse gen chirepit nan pami pèp la, paske te gen yon nonm ki te rele Amlisi, se te yon nonm mètdam, wi, se te yon nonm ki te saj daprè lasajès mond lan, li te nan menm lòd avèk nonm ki te touye “Jedeon avèk epe a, e yo te touye l tou daprè lalwa a—

2 Amlisi sa a, nan mètdam li, te rale anpil moun dèyè l, yo te tèlman anpil, yo te kòmanse vin plen pouvwa, epi yo te kòmanse fè posib yo pou yo lonmen Amlisi wa sou tèt pèp la.

29^a GE Richès.

^b Alma 4:6.

30^a Jakòb 2:17–19.

^b GE Pòv.

^c Alma 16:14;

D&A 1:35.

32^a GE Idolatri.

^b GE Endolan, Endolans.

^c GE Move pawòl.

^d GE Anvi.

^e Jakòb 2:13;

Alma 31:25;

Mòm. 8:28.

GE Lògèy.

2 1^a Alma 1:8.

3 Men, se te dilere pou pèp legliz la epi tou pou moun Amlisi pa t konvenk pou vin dèyè l yo, paske, daprè lalwa pa yo, yo te konnen se “vwa pèp la ki dwe tabli bagay sa yo.

4 Se poutèt sa, si l te posib pou Amlisi te jwenn vwa pèp la, yon nonm mechan konsa, li t ap “wete dwa ak privilèj legliz la nan men yo, paske se te entansyon l pou l te detwi legliz Bondye a.

5 Epi, se te konsa, pèp la te rasanble ansanm nan tout peyi a, chak moun, daprè entansyon l, menm si se te pou Amlisi oubyen se te kont li, youn te fè gwoup pou yo fè anpil diskisyon ak gwo “chirepit avèk lòt.

6 Se konsa yo te rasanble ansanm pou yo bay dizon yo sou kesyon an, e yo te mete sa devan jij yo.

7 Epi, se te konsa, vwa pèp la te kont Amlisi; yo pa t lonmen l wa sou tèt pèp la.

8 Sa te mete anpil lajwa nan kè moun ki te kont li yo; men, Amlisi te leve moun ki te pou li yo kont moun ki pa t pou li yo.

9 Epi, se te konsa, yo te kole-tèt yo ansanm, e yo te konsakre Amlisi wa sou tèt yo.

10 Kounyeya, lè yo te fin lonmen Amlisi wa sou tèt yo, li te kòmande yo pou yo pran lèzam kont frè yo, epi li te fè sa pou l te kapab soumèt yo anba l.

11 Kounyeya, pèp Amlisi a te distenge tèt li avèk non Amlisi,

paske yo te rele “Amlisit; epi rès yo te rele ^bNefit oubyen pèp Bondye a.

12 Se poutèt sa, pèp Nefit la te konnen entansyon Amlisit yo, se poutèt sa, yo te pare pou fè fas kare ak yo, wi, yo te pare yo avèk epe, ak kouto, ak flèch ak wòch ak fistibal epi avèk tout kalite “zam pou fè lagè.

13 Se konsa yo te pare pou fè fas kare ak Amlisit yo lè yo t ap vini. Yo te lonmen kaptèn, pi gwo kaptèn ak chèf kaptèn daprè kantite yo te ye.

14 Epi, se te konsa, Amlisi te ame moun li yo avèk tout kalite zam pou fè lagè, li te lonmen gouvènè ak dirijan yo sou tèt pèp li a pou kòmande yo nan fè lagè kont frè yo.

15 Epi, se te konsa, Amlisit yo te vin sou kolin yo te rele Amniyou a ki te nan zòn lès “riviyè Sidon an, ki te pase nan ^bpeyi Zarayemla a, e se la yo te kòmanse fè lagè avèk Nefit yo.

16 Kounyeya, Alma te jij “anchèf ak gouvènè pèp Nefi a, se poutèt sa, li t ale avèk pèp li a, wi avèk kaptèn ak kaptèn anchèf li yo, nan tèt lame li yo pou l al goumen avèk Amlisit yo.

17 Epi, yo te kòmanse touye Amlisit yo sou tèt kolin ki nan kote lès riviyè Sidon an, e Amlisit yo te goumen avèk Nefit yo avèk anpil fòs jistan anpil Nefit te tonbe devan yo.

18 Men, Senyè a te ranfòse men

3a Mozya 29:25-27;

Alma 4:16.

4a Alma 10:19;

Ela. 5:2.

5a 3 Ne. 11:29.

11a Alma 3:4.

b Jakòb 1:13-14;

Mozya 25:12;

Alma 3:11.

12a Mozya 10:8;

Ela. 1:14.

15a Alma 3:3.

b Omni 1:13-15.

16a Mozya 29:42.

Nefit yo, yo te touye Amlisit yo anpil jistan Amlisit yo te kòmanse kouri devan yo.

19 Epi, se te konsa, Nefit yo te suiv Amlisit yo tout jounen sa a, e yo te tèlman touye yo nan anpil masak jistan yo te “touye douz mil senksan trann-de nanm, epi te gen si mil senksan swasann-de Nefit ki te mouri.

20 Epi, se te konsa, lè Alma pa t kapab pousuiv Amlisit yo ankò, li te fè pèp li a monte tant yo nan “vale Jedeon an, vale a te gen non sa a, akoz Jedeon, ke ^bNeyò te touye avèk epe a, se nan vale sa a Nefit yo te monte tant yo pou nuit la.

21 Epi, Alma te voye espyon pou suiv rès Amlisit yo pou l te kapab konnen plan ak konplo yo, konsa pou l te kapab pwo-teje tèt li kont yo, pou l te kapab prezève pèp li a pou yo pa t detwi.

22 Kounyeya, moun li te voye pou siveye kan Amlisit yo te rele Zeram, Amnò, Manti ak Limè; se moun sa yo ki t ale avèk gwoup pa yo, pou veye kan Amlisit yo.

23 Epi, se te konsa, nan demen, yo te tounen nan kan Nefit yo ak tout vitès, yo te etone e lakrent te frape yo anpil, yo te di:

24 Gade, nou te suiv kan ^aAmlisit yo, e nou te etone anpil, nan peyi Minon an, pi wo peyi Zarayemla a, zòn ki mennen nan peyi ^bNefi a, nou te wè anpil anpil Lamanit, epi Amlisit yo te fè kò avèk yo;

25 Yo te tonbe sou frè nou yo

nan peyi sa a, epi frè nou yo te kouri devan yo avèk bèt yo, ak madanm yo, ak pitit yo nan vil nou an, e si nou pa fè vit, y ap pran vil nou an, e y ap touye papa nou, madanm nou ak pitit nou.

26 Epi, se te konsa, pèp Nefi a te pran tant yo e yo te kite vale Jedeon an pou y al nan vil yo a ki te rele vil ^aZarayemla a.

27 Epi gade, pandan yo t ap travèse rivyè Sidon an, Lamanit ak Amlisit yo, ki te “anpil prèske tankou kantite sab lanmè a, te vini sou yo pou detwi yo.

28 Sepandan, men Senyè a te bay Nefit yo “jarèt, paske yo te priye l anpil pou l te kapab delivre yo anba men ènmi yo, se poutèt sa, Senyè a te tandè rèl yo, li te bay yo jarèt, epi Lamanit ak Amlisit yo te tonbe devan yo.

29 Epi, se te konsa, Alma te goumen avèk Amlisi avèk epe fasafas, e youn te goumen ak lòt avèk fòs.

30 Epi, se te konsa, Alma te yon nonm Bondye, li te gen anpil ^alafwa, li te kriye, li te di: O, Senyè pran pitye, epi epaye lavi m pou m kapab sèvi kòm zouti nan men w pou m kapab sove pèp sa a, e pou m prezève l.

31 Epi kounyeya, lè Alma te fin di bagay sa yo, li te goumen avèk Amlisi ankò, e li te tèlman vin gen fòs, li te touye Amlisi avèk epe a.

32 Epi, li te goumen avèk wa

19a Alma 3:1–2, 26; 4:2.

19b Alma 6:7.

19c Alma 1:7–15; 14:16.

24a Alma 3:4, 13–18.

24b 2 Ne. 5:8.

24c Omni 1:14, 18.

27a Jawòm 1:6.

27b Det. 31:6.

27c GE Lafwa.

Lamanit yo tou, men wa Lamanit yo te kouri devan Alma, e li te voye gad li yo al goumen avèk Alma.

33 Men, Alma ak gad li yo te goumen avèk gad wa Lamanit yo jistan li te touye yo, e li te fè yo fè bak.

34 Li te netwaye teren an, oubyen rivaj la, ki te nan kote lwès rivyè Sidon an, li te lage kò Lamanit ki te mouri yo nan dlo rivyè Sidon an, pou pèp li a te kapab gen mwayen pou yo te travèse, pou yo te kapab goumen avèk Lamanit ak Amlisit yo lòtbò kote lwès rivyè Sidon an.

35 Epi, se te konsa, lè yo tout te fin travèse rivyè Sidon an, Lamanit ak Amlisit yo te kòmanse kouri devan yo malgre yo te tèlman anpil, pou moun pa t kapab konte yo.

36 Epi, yo te kouri devan Nefit yo pou yo t al nan dezè a ki te nan kote lwès ak nò, lòtbò nan fwontyè peyi a; epi Nefit yo te suiv yo avèk fòs, e yo te touye yo.

37 Wi, yo te sènen yo tout kote, yo te touye yo e yo te chase yo jistan yo te gaye nan lwès ak nan nò; jistan yo te rive nan dezè ki te rele Èmon an; epi se te pati sa a nan dezè a ki te anvayi avèk bèt yo ki te sovaj, epi ravajè.

38 Epi, se te konsa, anpil te mouri nan dezè a paske yo te blese, e bèt ak zwazo rapas te devore yo, moun te jwenn zo

yo epi yo te anpile zo yo sou tè a.

CHAPIT 3

Amlisit yo make kò yo daprè pwo-fesi ki te pale a—Lamanit yo modi poutèt rebelyon yo—Lèzòm rale malediksyon sou tèt yo poukont pa yo—Nefit yo bat yon lòt lame Lamanit. Anviwon 87–86 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, Nefit ki pa t “mouri anba kout zam nan lagè a, lè yo te fin antere moun ki te mouri yo—te tèlman gen anpil moun ki te mouri yo pa t kapab konte yo—lè yo te fin antere mò yo, yo tout te retounen nan peyi yo, yo te retounen lakay yo pou y al jwenn madanm ak pitit yo.

2 Kounyeya, te gen anpil fi ak timoun ki te mouri anba epe, ak anpil bèt epi anpil jaden ki te detwi paske lame yo te pilonnen yo.

3 Epi kounyeya, yo te jete tout Lamanit ak Amlisit yo ki te mouri sou rivaj flèv Sidon an nan “dlo Sidon an, e zo yo nan fon blannmè a, epi yo anpil.

4 Epi “Amlisit yo te distenge nan pami Nefit yo, paske yo te gen yon ^bmak wouj sou fon yo tankou Lamanit yo; men, yo pa t kale tèt yo menm jan avèk Lamanit yo.

5 Kounyeya, tèt Lamanit yo te kale, e yo te “toutouni, sèlman yon mòso po bèt te mare ren yo, avèk kiras ki te antoure yo, ak

3 1a Alma 2:19; 4:2.

3a Alma 2:15.

b Alma 44:22.

4a Alma 2:11.

b Alma 3:13–19.

5a Enòs 1:20;

Mozya 10:8;

Alma 42:18–21.

flèch, ak wòch, ak fistibal yo, ak lòt bagay yo te genyen.

6 Epi, po Lamanit yo te fonsè, dapre mak ki te sou zansèt yo, ki te yon “malediksyon ki te tonbe sou yo poutèt transgresyon yo ak rebelyon yo te fè kont frè yo; frè yo se te Nefi, Jakòb, Jozèf ak Sam ki te moun ki te jis epi ki te sen.

7 Epi, frè yo te bezwen touye yo, se poutèt sa, yo te modi, e Senyè Bondye a te mete yon “mak sou yo, wi, sou Laman ak Lemyèl, Epi sou pitit gason Ismayèl yo ak fi Ismayelit yo.

8 Epi, sa te fèt pou desandan pa yo te kapab distenge ak desandan pa frè yo, pou Senyè Bondye a te kapab prezève pèp li a, pou yo te kapab pa “melanje, epi pou yo pa t kwè nan move ^btradisyon ki pou detwi yo.

9 Epi, se te konsa, nenpòt moun ki te melanje desandan pa l avèk desandan Lamanit yo, li te rale menm malediksyon an sou desandan pa l yo.

10 Se poutèt sa, nenpòt moun ki te kite Lamanit yo, antrene l, li te pote non yo, epi yo te make po l.

11 Epi, se te konsa, tout moun ki pa t kwè nan “tradisyon Lamanit yo, men ki te kwè nan istwa ki te sòti nan peyi Jerizalèm ak tradisyon zansèt yo, ki te kòrèk, ki te kwè nan kòmandman Bondye yo e ki te respekte yo, yo

te rele moun sa yo Nefit oubyen pèp Nefi a, depi lè sa a—

12 Epi, se yo menm ki te konsève “vrè istwa pèp yo a ak istwa pèp Lamanit la.

13 Kounyeya, n ap retounen sou istwa Amlisit yo ankò; paske yo te gen yon “mak sou yo tou; wi, yo te mete mak la sou yo; yo te mete yon mak wouj sou fon yo.

14 Konsa, pawòl Bondye te akonpli, paske se pawòl sa yo li te di Nefi: gade m te modi Lamanit yo, e m pral mete yon mak sou yo, pou yo menm ak desandan yo kapab separe avèk ou menm ak desandan w yo, eksepte si yo ta repanti nan mchanste yo, e si yo ta “vire vin jwenn mwen pou m kapab pran pitye pou yo.

15 Epi ankò, m pral mete yon mak sou moun ki melanje desandan l avèk desandan frè w yo pou l kapab modi tou.

16 Epi ankò, m pral mete yon mak sou moun ki goumen avè w ak desandan w yo.

17 Epi ankò, m ap di, yon moun ki separe avèk ou, li p ap pote non desandan w yo ankò; e m ap beni w ak nenpòt moun ki pote non desandan w yo depi kounyeya e pou tout tan; se te pwomès sa yo Senyè a te fè Nefi ak desandan l yo.

18 Kounyeya, Amlisit yo pa t konnen yo te akonpli pawòl Bondye lè yo te kòmanse make

6a 2 Ne. 5:21; 26:33.
GE Malediksyon,
Modi.

7a 1 Ne. 12:23.

8a GE Maryaj,

marye—Maryaj
kwayans diferan.

b Mozya 10:11–18;
Alma 9:16.

11a Alma 17:9–11.

12a Mozya 1:6;
Etè 4:6–11.

13a Alma 3:4.

14a 2 Ne. 30:4–6.

fon yo men yo te fè “rebelyon kareman kont Bondye, se poutèt sa, li te nesèsè pou malediksyon an te tonbe sou yo.

19 Kounyeya, m ta vle pou w konprann, yo te atire “malediksyon an sou tèt yo; epi se konsa tout moun ki modi, li rale kon-danasyon an sou tèt pa l.

20 Kounyeya, se te konsa, kèk jou sèlman jou apre batay ki te fin fèt nan peyi Zarayemla a, ant Lamanit yo avèk Amlisit yo, te gen yon lòt lame Lamanit ki te vin anvayi pèp Nefi a, “menm kote premye lame a te fè fas kare avèk Amlisit yo.

21 Epi, se te konsa, yo te voye yon lame pou mete yo deyò nan peyi a.

22 Kounyeya, Alma poutèt pa l, li anba aflikasyon paske li te “blese, li pa t ale fwa sa a pou l te goumen avèk Lamanit yo.

23 Men, li te voye yon gwo lame kont yo, e yo te monte, yo te touye anpil nan Lamanit yo, epi yo te pouse rès yo deyò fwontyè peyi a.

24 Epi yo te retounen ankò e yo te kòmanse tabli lapè nan peyi a, ènmi yo te sispann nwi yo pou yon ti tan.

25 Kounyeya, tout bagay sa yo te fèt, wi, tout lagè ak kontan-syon sa yo te kòmanse e yo te fini nan senkyèm ane gouvèn-man jij yo.

26 Epi, nan yon ane, yo te voye milye ak dizèn milye nanm nan

mond etènèl la, pou yo kapab rekòlte “rekonpans yo daprè zèv yo, kit yo te bon kit yo te move, pou yo rekòlte bonè etènèl oubyen mizè etènèl, daprè lespri yo te chwazi pou yo obeyi a, si se te yon bon lespri oubyen yon move lespri.

27 Paske, chak moun resevwa “rekonpans nan men moun li chwazi pou l ^bobeyi a, e se daprè pawòl lespri pwofesi a; se poutèt sa, kite verite a pale. Epi, se konsa senkyèm ane gouvènman jij yo te pase.

CHAPIT 4

Alma batize plizè milye moun ki te konvèti—Inikite antre nan legliz la, epi pwogrè legliz la ralanti—Yo lonmen Nefiya jij anchèf—Alma, ki se gran prèt, konsakre tèt li nan travay predikasyon an. Anviwon 86–83 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, se te konsa, sizyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a, pa t gen ni kontansyon, ni lagè nan “peyi Zarayemla a;

2 Men, pèp la te aflije, wi, yo te aflije anpil poutèt yo te “pèdi frè yo, poutèt yo te pèdi bèt yo, e poutèt yo te pèdi jaden yo ke Lamanit yo te pilonnen epi te detwi.

3 Epi, yo te tèlman gen aflikasyon, tout nanm te gen yon rezon pou yo te plenyen; e yo te kwè se te jijman Bondye ki te tonbe sou yo poutèt mechanste

18a 4 Ne. 1:38.
GE Rebelyon.
19a 2 Ne. 5:21–25;
Alma 17:15.
20a Alma 2:24.

22a Alma 2:29–33.
26a GE Zèv.
27a Mozya 2:31–33;
Alma 5:41–42.
b Wom. 6:16;

Ela. 14:29–31.
GE Obeyi, obeyisan,
obeyisans.
4 1a Omni 1:12–19.
2a Alma 2:19; 3:1–2, 26.

ak abominasyon yo, se poutèt sa, yo te sonje devwa yo.

4 Epi, yo te kòmanse tabli legliz la pi byen; wi, anpil moun te "batize nan dlo Sidon an, e yo te vin rantre nan legliz Bondye a, wi, yo te batize nan men Alma ki te ^bgran prèt sou tèt pèp legliz la, ki te konsakre anba men papa l, ki te rele Alma.

5 Epi, se te konsa, nan setyèm ane gouvènman jij yo, te gen preske twamil senksan nanm ki te fè yon tèt ansanm nan "legliz Bondye a, e yo te batize e konsa setyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini, e te toujou gen lapè, pandan tout tan sa a.

6 Epi, se te konsa, nan yuityèm ane gouvènman jij yo, pèp legliz la te kòmanse vin gen lògèy, poutèt anpil "richès ak ^btwal swa, ak twal fen, e poutèt bèt ak lò, ak lajan, ak tout kalite bagay ki koute chè yo te genyen nan travay yo, epi yo te gonfle kè yo avèk lògèy nan tout bagay sa yo e yo te kòmanse mete rad ki koute chè.

7 Kounyeya, sa te lakòz anpil afliksyon pou Alma, wi e pou anpil moun nan pami pèp la ke Alma te "konsakre kòm enstriktè ak prèt, ak ansyen sou tèt legliz la, wi, anpil ladan yo te gen anpil lapenn pou mechanste yo te wè ki te kòmanse nan pami pèp yo a.

8 Paske, yo te wè avèk anpil lapenn kòman pèp legliz la te kò-

manse gonfle kè yo avèk "lògèy, e yo te mete lide yo sou larichès ak bagay san enpòtans mond lan, e youn te kòmanse meprize lòt, e yo te kòmanse pèsekite moun ki ^bpa t kwè daprè volonte ak plèzi pa yo.

9 Epi, se konsa, nan yuityèm ane gouvènman jij yo te kòmanse gen gwo "chirepit nan pami pèp legliz la, wi, te gen ^banvi ak desagreman, ak pèsekisyon, ak lògèy ki te menm depase lògèy moun ki pa t nan legliz Bondye a.

10 Se konsa, ywityèm ane gouvènman jij yo te fini; epi mechanste legliz la te youn gwo anpechman pou moun ki pa t nan legliz la; epi se konsa legliz la te kòmanse ralanti nan pwogrè l.

11 Epi, se te konsa, nan kòmmanman nevyèm ane a, Alma te wè mechanste legliz la, e li te wè "egzanp legliz la te kòmanse fè moun ki pa t kwè yo sot nan yon inikite pou tonbe nan yon lòt, se sa ki te mennen destriksyon pèp la.

12 Wi, li te wè anpil inegalite nan pami pèp la, genyen ki te gonfle kè yo avèk lògèy, nan meprize lèzòt yo, yo te vire do bay moun yo ki nan "bezwen ak moun yo ki toutouni, ak moun ki ^bgrangou, ak moun ki swaf, ak moun ki malad ak moun ki nan afliksyon yo.

13 Kounyeya, sa te lakòz an-

4a Mozya 18:10-17.

b Mozya 29:42.

5a Mozya 25:18-23;

3 Ne. 26:21.

6a GE Richès.

b Alma 1:29.

7a GE Otorite.

8a GE Anven, vanite;

Lògèy.

b Alma 1:21.

9a GE Kontansyon.

b GE Anvi.

11a 2 Sam. 12:14;

Alma 39:11.

12a Eza. 3:14;

Jakòb 2:17.

b Mozya 4:26.

pil detrès nan pami pèp la, pandan lòt yo t ap montre imilite nan pote sekou pou moun ki te bezwen sekou yo, yo te "pataje manje yo bay moun ki te nan bezwen, yo te nourri moun ki te grangou, epi yo te soufri tout kalite ^bafliksiyon, pou 'lanmou Kris la ki gen pou l vini dapre lespri pwofesi a;

14 Y ap tann jou sa a konsa, yo nan "konsève padon pou peche yo; yo chaje ak ^blajwa poutèt rezirèksyon mò yo, dapre volonte ak pouvwa ak delivrans Jezikri anba kòd lanmò.

15 Epi kounyeya, se te konsa, apre Alma te fin wè afliksiyon disip Bondye ki gen imilite yo, ak pèsekisyon rès pèp la te mete sou tèt yo; e apre li te fin wè tout "inegalite yo, li te kòmanse gen lapenn; men, Lespri Senyè a pa t abandone l.

16 Epi, li te chwazi yon nonm saj ki te nan pami ansyen yo ki te nan legliz la, e li te ba l pouvwa, dapre "konsantman pèp la, pou l te kapab gen pouvwa pou l aplike ^blalwa dapre lalwa yo te genyen yo, pou l te aplike yo dapre mechanste ak krim pèp la.

17 Kounyeya, nonm sa a te rele Nefiya, epi yo te lonmen l jij "anchèf, e li te chita sou fotèy jijman an pou l jije, epi pou l gouvène pèp la.

18 Kounyeya, Alma pa t lon-

men l gran prèt sou tèt legliz la, men, li te kenbe pozisyon gran prèt la poutèt pa l, e li te bay Nefiya fotèy jijman an.

19 Epi li te fè sa, pou l te kapab ale nan pami pèp li a, oubyen nan pami pèp Nefi a pou "tèt pa l, pou l te kapab preche yo ^bpawòl Bondye, pou l te "souke yo pou fè yo "sonje devwa yo, pou l te kapab kraze lògèy ak lariz, ak tout chirepit ki te nan pami pèp la, avèk pawòl Bondye a; li pa t wè okenn lòt mwayen pou l ta reprimande yo eksepte pou l ta rann "temwayaj dirèk kont yo.

20 Epi, se konsa, nan kòmansman nevyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a, Alma te bay "Nefiya fotèy jijman an, epi li te dispoze tout tan li nan ^bgran prèttriz lòd Bondye a, pou l temwaye pawòl la, dapre Lespri revelasyon ak Lespri pwofesi.

Pawòl ke Alma, Gran Prèt la, dapre prèttriz sen Bondye a te preche pèp la nan vil ak vilaj toupatou nan peyi a.

Kòmnanse nan chapit 5.

CHAPIT 5

Pou yo kapab sove, lèzòm dwe repanti epi respekte kòmmandman yo, fòk yo nedenouvo, lave rad yo nan

13a GE Fè lacharite, lacharite.

b GE Advèsite.

c 2 Kor. 12:10.

14a Mozya 4:12;

Alma 5:26–35.

GE Jistifikasyon, jistifye.

b GE Jwa.

15a D&A 38:27; 49:20.

16a Alma 2:3–7.

b Alma 1:1, 14, 18.

17a Alma 50:37.

19a Alma 7:1.

b Alma 31:5; D&A 11:21–22.

c Enòs 1:23.

d Mozya 1:17;

Ela. 12:3.

e GE Temwayaj.

20a Alma 8:12.

b Mozya 29:42;

Alma 5:3, 44, 49.

*san Kris la, gen imilite epi deba-
rase yo anba lògèy ak anvì, epi fè
zèv lajistis—Bon Bèje a rele pèp
Li a—Moun sa yo ki fè move zèv,
se pitit dyab la yo ye—Alma te-
mwaye konsènan verite doktrin li
a epi li kòmande lèzòm pou yo re-
panti—Non moun ki jis yo pral
ekri nan liv lavi a. Anviwon 83
ANVAN JEZIKRI.*

KOUNYEYA, se te konsa, Alma te kòmanse ^apreche pèp la pawòl ^bBondye a, dabò nan peyi Zarayemla a, e la, jouk nan tout peyi a.

2 Epi men pawòl li te di pèp legliz la ki te tabli nan vil Zarayemla a, dapre istwa pa li, te di konsa:

3 Mwen menm Alma, papa m Alma te ^akonsakre m, pou m kapab yon ^bgran prèt sou tèt legliz Bondye a, paske li te resevwa pouvwa ak ^cotorite nan men Bondye pou l te fè bagay sa yo, gade, m ap di nou konsa li te kòmanse tabli yon legliz nan ^apeyi ki te nan fwontyè Nefi a; wi peyi ki te rele peyi Mòmòn an; epi li te batize frè l yo nan dlo Mòmòn an.

4 Epi gade, m ap di nou konsa, yo te ^adelivre anba men pèp wa Noye a, avèk mizèrikòd e avèk pouvwa Bondye.

5 Epi gade, apre sa, yo te tonbe nan ^aesklavaj anba men Lamanit yo nan dezè a; wi, m ap di nou, yo te nan kaptivite, e

Senyè a te delivre yo anba ^besklavaj avèk pouvwa pawòl li; e nou te vin nan peyi sa a, epi se la nou te kòmanse tabli legliz Bondye a nan tout peyi sa a tou.

6 Epi kounyeya gade, m ap di nou, frè m yo, noumenm ki manm nan legliz sa a, èske nou sonje kaptivite zansèt nou yo? Wi, e èske nou sonje mizèrikòd ak lanmou san limit li te genyen pou yo a te ase pou nou? Epi mete sou sa, èske nou sonje ase ke li te delivre nanm yo anba lanfè?

7 Gade, li te chanje kè yo; wi, li te reveye yo anba yon gwo somèy, e yo te reveye nan Bondye. Gade yo te nan mitan fènwa; e nanm yo te klere avèk limyè pawòl etènèl la; wi yo te antoure avèk ^akòd lanmò, e avèk ^bchenn lanfè e yon destriksyon etènèl te pare pou yo.

8 Epi kounyeya, m ap mande nou, frè m yo, èske yo te detwi? Gade, m di nou non, yo pa t detwi.

9 Epi ankò m ap mande, èske kòd lanmò yo te kase, e èske chenn lanfè ki te antoure yo a, èske chenn sa yo te demare? M ap di nou, wi, yo te demare, e nanm yo te grandi, e yo te chante lanmou redanmtè. Epi m di nou yo sove.

10 Epi kounyeya, m ap mande nou nan ki kondisyon yo ^asove? Wi, ki rezon yo te genyen pou yo

5 1a Alma 4:19.

b Alma 5:61.

3a GE Òdinasyon, òdone.

b Alma 4:4, 18, 20.

c Mozya 18:13;

3 Ne. 11:25.

d Mozya 18:4;

3 Ne. 5:12.

4a Mozya 23:1–3.

5a Mozya 23:37–39;
24:8–15.

b Mozya 24:17.

7a Mozya 15:8.

b Alma 12:11;

D&A 138:23.

10a GE Plan redanmsyon;
Sali.

espere jwenn sali? Ki kòz ki te fè yo chape anba kòd lanmò yo, wi ak chenn lanfè yo tou?

11 Gade, m kapab di nou—èske papa m Alma pa t kwè nan pawòl bouch “Abinadi te di yo? Epi èske li pa t yon pwofèt ki te sen? Èske li pa t pale pawòl Bondye a, e èske papa m Alma pa t kwè yo?

12 Epi daprè lafwa li, te genyen yon gwo “chanjman te fèt nan kè l. Gade, m ap di nou konsa, tout bagay sa yo, se verite.

13 Epi gade li te “preche zansèt nou yo pawòl la, yon gwo chanjman te fèt nan kè yo tou, yo te gen imilite, e yo te mete ^bkonfyans yo nan vrè Bondye ki “vivan an. Epi gade, yo te fidèl jiska ^alafen; se poutèt sa yo te sove.

14 Epi kounyeya, gade, m ap mande nou, frè m yo ki nan legliz la, èske nou “fèt espiritiyèlman nan Bondye? Èske nou gen imaj li nan figi nou? Èske nou te santi gwo ^bchanjman sa a nan kè nou?

15 Èske nou egzèse lafwa nan redanmsyon moun ki te “kreye nou an? Èske n ap kontanple avèk yon je lafwa, pou nou wè kò mòtèl sa a leve nan imòtalite, e pou koripsyon sa a ^bleve nan enkoripsyon, pou l kanpe devan

Bondye pou l “jije daprè zèv ki te fèt nan kò mòtèl la?

16 M di nou, èske nou kapab imajine pou tèt pa nou, ki tande vwa Senyè a di nou, nan jou sa a: vin jwenn mwen, nou menm ki “beni, paske zèv nou yo se te zèv lajistis sou sifas tè a?

17 Oubyen, èske nou imajine tèt nou, tankou nou kapab bay Senyè a manti nan jou sa a, pou nou “di—Senyè a, zèv nou se te zèv lajistis sou sifas tè a—e pou l sove nou?

18 Oubyen, èske nou kapab imajine tèt nou prezante devan tribinal Bondye a avèk nanm nou plen peche ak remò, avèk konesans tout peche nou, wi yon “konesans total pou tout mechanste nou, wi, pou nou konnen nou te mete kòmandman Bondye yo an defi?

19 M ap di nou, èske nou kapab leve tèt pou gade Bondye jou sa a avèk yon kè ki pi e avèk men ki pwòp? M ap di nou, èske nou kapab leve tèt pou gade, avèk “imaj Bondye grave nan figi nou?

20 M ap di nou, èske nou kapab panse nou sove pandan nou livre tèt nou tankou “esklav pou nou sikonbe anba dyab la?

21 M ap di nou, jou sa a, n ap konnen nou pa kapab “sove;

11a Mozya 17:1–4.

12a GE Konvèsyon, konvèti.

13a Mozya 18:7.

b GE Konfyans, konfyè.

c Mòm. 9:28; D&A 20:19.

d GE Pèsevere.

14a Mozya 27:24–27; Alma 22:15.

GE Fèt ankò, fèt nan Bondye.

b Wom. 8:11–17; Mozya 5:2; Moyiz 6:65.

GE Konvèsyon, konvèti.

15a GE Kreyasyon, kreye.

b GE Rezirèksyon.

c GE Jijman, Dènye a.

16a Mat. 25:31–46.

17a 3 Ne. 14:21–23.

18a Ezek. 20:43; 2 Ne. 9:14;

Mozya 3:25;

Alma 11:43.

19a 1 Jn. 3:1–3.

20a Mozya 2:32.

21a GE Sali.

paske okenn moun pa kapab sove san ^brad li pa lave blanch; wi, rad li dwe ^cpirifye jistan tout tach sòti ladan l, nan san moun zansèt ke nou yo te pale a, ki gen pou l vin rachte pèp li a anba peche yo.

22 Epi kounyeya, m mande nou, frè m yo, kòman nenpòt nan nou ta santi l si nou kanpe devan tribinal Bondye a, avèk rad nou tache avèk ^asan e avèk tout kalite ^bsalte? Gade, ki kalite temwayaj bagay sa yo ap bay kont nou?

23 Gade èske yo p ap ^atemwaye nou se asasen, wi, epi tou nou koupab nan tout kalite mechanste?

24 Gade, frè m yo, èske nou sipoze yon moun konsa kapab gen plas pou l chita nan wayòm Bondye a avèk ^aAbraram, ak Izarak, ak Jakòb, epi avèk tout pwofèt ki sen yo, ki gen rad yo lave, san tach, pwòp, epi blanch?

25 M ap di nou, Non; eksepte si nou ta fè Kreyatè nou an tounen yon mantè depi nan kòmansman, nou pa kapab sipoze yon moun konsa kapab gen plas nan wayòm syèl la; okontrè yo pral chase moun sa yo paske yo se ^apitit wayòm dyab la.

26 Epi, gade kounyeya m ap di nou, frè m yo, si nou te santi yon ^achanjman nan kè nou, e si nou te anvè ^bchante nan lanmou

redanmtè a, m vle mande, èske nou ^ckapab santi sa kounyeya?

27 Èske nou te mache, avèk tèt nou san ^arepròch devan Bondye? Si nou te gen pou nou mouri kounyeya, èske nou ta kapab di, pou tèt pa nou, nou te gen ase ^bimilite? Èske nou ta kapab di rad nou te lave epi te vin blanch nan san Kris la, ki gen pou l vin ^crachte pèp li a anba peche yo?

28 Gade, èske nou debarase avèk ^alògèy? M ap di nou, si non, nou pa prepare pou nou rankontre Bondye. Gade nou dwe prepare nou prese prese; paske wayòm syèl la ap pwoche nan yon ti kras tan, e moun konsa pa p gen lavi etènèl.

29 Gade, m ap di, èske gen youn nan pami nou ki pa make avèk ^aanvi? M ap di nou, yon moun konsa pa prepare; e m ta vle pou l prepare l vit, paske lè a ap pwoche, e li pa konnen ki lè tan an ap rive; paske yon moun konsa pa san peche.

30 Epi ankò, m ap di nou, èske gen yon moun nan pami nou ki pa ^amoke frè l, oubyen ki pa lage pèsekisyon sou tèt frè li?

31 Malè pou moun konsa, paske li pa prepare, e lè a ap pwoche pou l repanti, san sa li pa p kapab sove!

32 Wi, malè pou tout moun k ap ^akomèt inikite; repanti, repanti, paske Senyè Bondye a di sa!

21 b 1 Ne. 12:10;
Alma 13:11-13;
3 Ne. 27:19-20.

c GE Pi, pite.
22a Eza. 59:3.
b GE Sal, salte.
23a Eza. 59:12.
24a Lik 13:28.

25a 2 Ne. 9:9.
26a GE Konvèsyon,
konvèti.

b Alma 26:13.
c Mozya 4:12;
D&A 20:31-34.
27a GE Jistifikasyon,
jistifye.

b GE Enb, imilite.
c GE Redanmtè,
restablisman,
redanmsyon.
28a GE Lògèy.
29a GE Anvi.
30a GE Move pawòl.
32a Sòm 5:5.

33 Gade, li voye yon envitasyon bay "tout moun, paske ^bponyèt mizèrikòd li lonje pou yo, epi li di: Si nou repanti m ap resevwa nou.

34 Wi, li di: "vin jwenn mwen e n ap manje nan ^bfwi pyebwa ki bay lavi a; wi, n ap manje e n ap bwè nan "pen ak dlo ki bay lavi a "gratis;

35 Wi, vin jwenn mwen e pwo-
dui zèv lajistis, e yo p ap voye nou jete nan dife—

36 Paske gade, tan an ap pw-
che pou nenpòt moun ki pa "pote bon fwi, oubyen nenpòt moun ki pa fè zèv lajistis, moun sa a gen rezon pou l rele epi pou l jemi.

37 O, nou menm k ap komèt inikite; nou menm ki anfle avèk bagay "san valè mond lan, nou menm ki te deklare nou konnen chemen lajistis, men okontrè ki te vin ^begare, tankou "mouton ki san bèje, malgre yon bèje te "rele nou e kontinye ap rele nou, men nou pa vle "koute vwa l!

38 Gade, m ap di nou, bon "bèje a ap rele nou; wi, e l ap rele nou nan non pa l, ki se non Kris la; e si nou pa vle ^bkoute

vwa "bon bèje a, k ap rele nou nan "non li a, gade, nou pa mouton bon bèje a.

39 Epi, si nou pa mouton bon bèje a, nan ki "twoupo nou ye? Gade, m ap di nou, ^bdyab la se bèje nou e nou fè pati twoupo l la; kounyeya, kiyès ki kapab nye sa? Gade, m ap di nou, nenpòt moun ki nye sa li se yon "mantè e li se "pitit dyab la.

40 Paske m ap di nou tout bagay ki "bon sòti nan Bondye, e tout bagay ki move sòti nan dyab la.

41 Se poutèt sa, si yon nonm fè "bon zèv li koute vwa bon bèje a, e li suiv li; men nenpòt moun ki fè move zèv, moun sa a vin tounen ^bpitit dyab la, paske li koute vwa l epi li suiv li.

42 Epi nenpòt moun ki fè sa dwe resevwa "rekonpans li nan men l; se poutèt sa, kòm ^brekonpans, li resevwa "lanmò, dapre bagay ki konsène lajistis, paske li mouri kanta sa ki gen pou wè ak tout bon zèv.

43 Epi kounyeya, frè m yo, m ta vle nou koute m paske m ap pale avèk enèji nanm mwen; paske, gade, m te pale avèk nou byen klè pou nou kapab pa fè

33a Alma 19:36;
3 Ne. 18:25.

b Jakòb 6:5;
3 Ne. 9:14.

34a 2 Ne. 26:24-28;
3 Ne. 9:13-14.

b 1 Ne. 8:11; 15:36.

c GE Pen Lavi a.
d 2 Ne. 9:50-51;
Alma 42:27.

36a Mat. 3:10; 7:15-20;
3 Ne. 14:19;
D&A 97:7.

37a GE Anven, vanite.
b 2 Ne. 12:5; 28:14;

Mozya 14:6.

c Mat. 9:36.

d Pwov. 1:24-27;

Eza. 65:12.

e Jer. 26:4-5;

Alma 10:6.

38a GE Bon Bèje.

b Lev. 26:14-20;

D&A 101:7.

c 3 Ne. 15:24; 18:31.

d Mozya 5:8;

Alma 34:38.

39a Mat. 6:24;

Lik 16:13.

b Mozya 5:10.

GE Dyab.

c 1 Jn. 2:22.

d 2 Ne. 9:9.

40a Omni 1:25;

Etè 4:12;

Mowo. 7:12, 15-17.

41a 3 Ne. 14:16-20.

GE Zèv.

b Mozya 16:3-5;

Alma 11:23.

42a Alma 3:26-27;

D&A 29:45.

b Wom. 6:23.

c Ela. 14:16-18.

GE Lanmò espirityèl.

erè, oubyen m te pale dapre kòmandman Bondye yo.

44 Paske m resevwa apèl pou m pale konsa, dapre “lòd sen Bondye a, ki nan Kris la, Jezi; wi, m resevwa kòmandman pou m kanpe e pou m temwaye devan pèp la konsènan bagay zansèt nou yo te pale sou bagay ki dwe rive yo.

45 Epi se pa tout epi èske nou pa sipoze m “konnen bagay sa yo pou tèt pa m? Gade, m rann nou temwayaj mwen, m konnen bagay m te pale yo se verite. Epi kòman nou sipoze m konnen yo se verite?

46 Gade, m ap di nou se Lespri Sen Bondye a ki te fè m “konnen yo. Gade, m te ^bjene epi m te priye pou anpil jou, pou m te kapab konnen pou tèt pa m. Epi kounyeya, m konnen pou tèt pa m bagay sa yo se verite; paske Senyè Bondye ta manifeste yo ban mwen pa mwayen Lespri Sen li a; e se lespri “revelasyon sa a ki nan mwen.

47 Epi, plis ankò, m ap di nou, se konsa m te aprann pawòl zansèt nou yo te pale yo se verite, dapre lespri pwofesi a ki nan mwen menm nan, ki se manifestasyon Lespri Bondye a tou.

48 M ap di nou, m konnen pou tèt pa m, nenpòt bagay m pral di nou, konsènan sa ki gen pou fèt, se verite; epi tou, m ap di nou,

m konnen Jezikri pral l vini, wi, Pitit Gason an, Sèl Pitit Literal Papa a, ki plen lagras, ak mizèrikòd, ak verite a. Epi gade se li menm k ap vin wete peche mond lan, wi, peche chak moun ki kwè nan non l avèk fèmte.

49 Epi kounyeya, m ap di nou se apèl sa a m te “resevwa, wi, pou m preche frè byenneme m yo, wi, e chak moun ki rete sou tè a, wi, pou m preche tout moun, granmoun kou ti moun, esklav kou lib; wi m ap di nou, vye granmoun kou moun andezaj, ak jenerasyon k ap leve a; wi, pou m di tout moun konsa yo dwe repanti e pou yo ^bnede-nouvo.

50 Wi, men sa Lespri a di: Repanti, nou menm tout kwen tè a, paske wayòm syèl la ap pwoche; wi Pitit Gason Bondye a pral vini nan “laglwa li nan pisans li, majeste l, pouvwa l, ak dominasyon l. Wi, frè byenneme m yo, m di nou Lespri a te di: Men laglwa ^bWa tout tè a; epi tou Wa syèl la pral briye pwochèman nan pami tout pitit lèzòm.

51 Epi tou Lespri a te di m wi, li pale m avèk yon vwa fò, pou li di: ale e di pèp sa a konsa—Repanti, paske si nou pa repanti pa gen okenn jan n ap kapab eritye wayòm “syèl la.

52 Epi m ap di nou ankò, Lespri a di m: gade “rach la poze

44a Alma 13:6.

45a GE Temwayaj.

46a 1 Kor. 2:9–16.

b GE Jèn, jene.

c GE Revelasyon.

49a GE Aple, Bondye te aple, apèl; Prètriz.

b GE Fèt ankò, fèt nan Bondye.

50a GE Dezyèm Vini Jezikri; Glwa.

b Sòm 24; Mat. 2:2; Lik 23:2; 2 Ne. 10:14; D&A 38:21–22;

128:22–23;

Moyiz 7:53.

GE Jezikri; Wayòm Bondye oubyen wayòm syèl la.

51a GE Syèl.

52a Lik 3:9; D&A 97:7.

sou rasin pyebwa a; se poutèt sa chak pyebwa ki pa bay bon fwi, yo pral ^bkoupe l jete nan dife, wi yon dife ki pa kapab fin boule, yon dife ki menm pa kapab etenn. Gade, e sonje, moun Sen an te di sa.

53 Epi kounyeya, frè byenneme m yo, m di nou, èske nou kapab kontrekare pawòl sa yo? Èske nou kapab voye bagay sa yo sou kote, pou nou ^apilonnen Sen an anba pye nou? Wi, èske nou kapab gonfle kò nou avèk ^blògèy kè nou? Wi, èske n ap pèsiste nan met rad ^cchè e mete lide nou sou bagay san valè mond lan, sou ^dlarichès nou yo?

54 Wi, èske n ap pèsiste nan sipoze ke youn pi bon pase lòt; wi, èske n ap pèsiste nan pèsekisyon, frè nou yo, ki imilye tèt yo e ki mache daprè lòd sen Bondye a, ki te mennen yo nan legliz sa a, Lespri Sen an te fin ^asanktifye yo, e ki fè zèv repantans—

55 Wi, epi èske n ap pèsiste nan vire do bay ^apòv yo, ak moun ki nan bezwen yo, e sere byen nou yo pou yo pa jwenn ladan yo?

56 Epi, pou m fini, nou tout ki vle pèsiste nan mechanste nou, m ap di nou, se moun sa yo y ap koupe jete nan dife si yo pa repanti prese prese.

57 Epi, kounyeya, m ap di nou, nou tout ki vle suiv vwa ^abon bèje a, sòti nan pami mechan yo, e ^bekate kò nou, e pa touche

bagay sal yo a; e gade non yo pral ^aefase, pou non mechan yo kapab pa konte nan pami non moun ki jis yo, pou pawòl Bondye a kapab akonpli, pawòl ki te di: non mechan yo p ap melanje avèk non pèp mwen an;

58 Paske non moun ki jis yo pral ekri nan ^aliv lavi a, e m pral ba yo yon eritaj bò kote dwat mwen. E kounyeya, frè m yo, kisa nou gen pou nou di kont bagay sa a? M ap di nou, si nou pale kont sa, sa pa fè anyen paske pawòl Bondye a dwe akonpli.

59 Paske ki bèje nan pami nou ki gen anpil brebi e ki pa veye yo, pou lou pa antre vin devore yo? Epi gade si yon lou antre nan pami twoupo li a èske li p ap mete l deyò? Wi, e apre sa, si l kapab, l ap touye l.

60 Epi kounyeya, m ap di nou bon bèje a ap rele nou; e si nou koute vwa l l ap mennen nou nan twoupo li a e nou se brebi l; epi li kòmande nou pou nou pa kite okenn lou devoran nan pami nou, pou nou pa detwi.

61 Epi kounyeya, mwen menm Alma, m kòmande nou nan langaj ^amoun ki te kòmande m nan, pou nou obeyi pawòl m te pale nou yo.

62 M ap bay yon kòmandman pou nou menm ki manm legliz la; Epi pou moun ki pa manm legliz la, m voye yon envitasyon,

52b Jakòb 5:46; 6:7;
3 Ne. 27:11–12.

53a 1 Ne. 19:7.
b GE Lògèy.
c 2 Ne. 28:11–14;
Mòm. 8:36–39.
d Sòm 62:10;

D&A 56:16–18.
54a GE Sanktifikasyon.
55a Sòm 109:15–16;
Jakòb 2:17;
Ela. 6:39–40.
57a GE Bon Bèje.
b Esd. 6:21; 9:1;

Ney. 9:2; 2 Tes. 3:6;
D&A 133:5, 14.
c Det. 29:20;
Mowo. 6:7;
D&A 20:8.
58a GE Liv lavi.
61a Alma 5:44.

lè m di: vini epi resevwa batèm pou repantans la, pou nou kapab manje fwi “pyebwa lavi a tou.

CHAPIT 6

Legliz nan Zarayemla netwaye e li retounen nan lòd—Alma al preche nan Jedeon. Anviwon 83 AN-VAN JEZIKRI.

EPI, kounyeya, se te konsa, lè Alma te fin pale avèk pèp legliz la ki te tabli nan vil Zarayemla a, li te “òdone prèt ak ^bansyen yo, li te poze ‘men sou tèt yo dapre lòd Bondye, pou yo prezide ak, ^avoye je sou legliz la.

2 Epi, se te konsa, tout moun ki pa t manm legliz la, ki te repanti nan peche yo, yo te resevwa ^abatèm pou repantans, e yo te aksepté yo nan legliz la.

3 Epi tou, se te konsa, tout moun ki te manm legliz la, ki pa t ^arepanti nan mechanste, e ki pa t gen imilite devan Bondye—M vle di, moun ki te gonfle kè yo avèk ^blògèy yo, yo te rejte yo, e non yo te ^cefase pou non yo pa t konte nan pami moun ki jis yo.

4 Se konsa, yo te kòmanse tabli lòd legliz la nan vil Zarayemla a.

5 Kounyeya m ta vle nou konprann, tout moun te gen dwa resevwa pawòl Bondye a, pa t gen moun ki te pèdi privilèj pou yo rasanble ansanm pou yo tande pawòl Bondye a.

6 Men, pitit Bondye yo te gen kòmandman pou yo reyini ansanm souvan, pou yo fè “jèn avèk anpil priyè pou byen moun ki pa t konnen Bondye yo.

7 Epi kounyeya, se te konsa, lè Alma te fin pase lòd sa yo, li te wete kò l nan pami yo; wi, li te kite legliz ki nan vil Zarayemla a, e li t ale nan kote lès rivyè Sidon an, nan ^avale Jedeon an, se la yo te bati yon vil ki te rele vil Jedeon, ki te nan vale yo te rele vale Jedeon an, yo te ba l pote non sa a akoz nonm Neyò te ^btouye avèk epe a.

8 Epi Alma t ale, e li te kòmanse deklare bay legliz ki te tabli nan vale Jedeon an pawòl Bondye a, dapre revelasyon verite ki nan pawòl zansèt li yo te pale a, e dapre lespri pwofesi ki te nan li, dapre ^atemwayaj Jezikri, Pitit Gason Bondye a ki gen pou l vini pou l rachte pèp li a anba peche yo, e dapre lòd sen ki te ba li apèl la, se konsa sa te ekri. Amèn.

Pawòl Alma te pale pou pèp Jedeon an, dapre istwa pa l.

Tout chapit 7 la.

CHAPIT 7

Se Mari ki pral fè Kris la—Kris la pral kase kòd lanmò, epi li pral pote peche pèp Li a—Moun ki

62a 1 Ne. 8:10; 11:21–23.

6 1a GE Òdinasyon, òdone.

b GE Ansyen, Èldè.

c GE Men, Enpozisyon.

d D&A 52:39.

2a GE Batèm, batize.

3a Mozya 26:6.

b GE Lògèy.

c Egz. 32:33;

Mozya 26:36;

Alma 1:24; 5:57–58.

GE Ekskominikasyon.

6a GE Jèn, jene.

7a Alma 2:20.

b Alma 1:9.

8a Apok. 19:10.

repanti, ki batize, epi ki respekte kòmandman yo pral gen lavi etènèl—Salte pa kapab eritye wayòm Bondye a—Imilite, lafwa, esperans ak charite endispansab. Anviwon 83 ANVAN JEZIKRI.

GADE frè byenneme m yo, kòm m te gen pèmision pou m vin kote nou, se poutèt sa, m vle eseye “adrese nou nan langaj mwen; wi, avèk bouch pa m, kòm se pou premye fwa m pale ak nou avèk pawòl bouch pa m, paske, m te pase tout tan m sou ^bfochè jijman an, poutèt m te twò okipe, epi m pa t kapab vin jwenn nou.

2 Epi, m pa t ap menm kapab vini kounyeya si m pa t “kite yon lòt moun youa sou fochè jijman an, pou gouvènè nan plas mwen; epi Senyè a nan gwo mizèrikòd li, li te pèmèt mwen vin kote nou.

3 Epi gade, m vini avèk anpil lesperans, epi m ta renmen wè nou imilye tèt nou devan Bondye, e nou te kontinye priye pou nou jwenn lagras li, pou m ta jwenn nou san repwòch devan l, pou nou pa ta nan traka frè nou yo te ye nan peyi Zarayemla a.

4 Men, beni non Bondye, paske li te fè m konnen, wi, li te ban m anpil lajwa pou m konnen yo tabli ankò nan chemen lajistis la.

5 Epi, m kwè, dapre Lespri Bondye ki nan mwen, m pral gen lajwa pou nou tou; men, m

pa vle pou lajwa m gen pou nou an se ta poutèt anpil afliksyon ak lapenn yo m te genyen pou frè yo ki nan peyi Zarayemla a, paske m te kontan pou yo apre m fin pase anpil afliksyon ak lapenn.

6 Men gade, m espere nou pa nan eta enkredilite grav frè nou yo te ye a; m espere nou pa gonfle kè nou avèk lògèy; wi, m espere nou pa met kè nou nan larichès ak bagay san enpòtans mond lan; m espere nou pa adore “zidòl, men, nou adore vrè Bondye ki ^bvivan an, e n ap tann padon peche nou yo avèk yon lafwa ki p ap janm fini, ki gen pou vini.

7 Paske gade, m ap di nou, gen anpil bagay ki dwe rive; e gen youn ki pi enpòtan pase tout—paske “tan an pa lwen pou redanmtè ki vivan an vini nan pami pèp li a.

8 Gade m pa di nou l ap vini nan pami nou nan moman l ap pran kò mòtèl li a, paske Lespri a pa di m se sa k ap pase, m pa konnen bagay sa a, men, m konnen Senyè Bondye a gen pouvwa pou l fè tout bagay dapre pawòl li.

9 Men gade, Lespri a di m sèlman: Rele pou pèp sa a kapab tandè, di yo—“repanti, e prepare chemen Senyè a, mache nan chemen ki dwat yo; paske, wayòm syèl la pa lwen pou l vini, e Pitit Gason Bondye a ap ^bvini sou sifas tè a.

7 1a Alma 4:19.

b Mozya 29:42.

2a Alma 4:16-18.

6a 2 Ne. 9:37;

Ela. 6:31.

b Dan. 6:26.

7a Alma 9:26.

9a Mat. 3:2-4;

Alma 9:25.

b Mozya 3:5;

7:27; 15:1-2.

10 Epi gade, se ^aMari ki pral ^bfè li nan Jerizalèm, ki se ^cpeyi zansèt nou yo. Mari se yon fi ki ^dvyèj, se yon veso ki koute chè ki chwazi, ki pral kouvri avèk pouvwa Sentespri a pou l kapab ^eansent, e li pral pote yon pitit gason, wi, Pitit Gason Bondye a menm.

11 Epi, li prale pou l soufri lapenn, ^aafliksyon ak tout kalite tantasyon; e sa pral fèt pou pawòl la kapab akonpli, pawòl ki te di li pral pran lapenn ak maladi pèp li a sou tèt pa l.

12 Epi, li pral pran ^alanmò sou tèt, pou l kapab lage kòd lanmò ki mare pèp li a; e li pral pran enfimite yo sou tèt, pou zantray li kapab plen avèk mizèrikòd daprè kò fizik la, pou l kapab konnen daprè kò fizik la kòman pou l pote pèp li a ^bsekou daprè enfimite yo.

13 Kounyeya Lespri a ^akonnen tout bagay, poutèt sa, Pitit Gason Bondye a soufri nan kò fizik la pou l kapab ^bpran peche pèp li a sou tèt, pou l kapab efase transgresyon yo daprè pouvwa delivrans li a; e kounyeya gade, sa a se temwayaj ki nan mwen an.

14 Kounyeya, m ap di nou, nou dwe repanti, e nou dwe ^anedenouvo paske Lespri a di, si nou pa fèt ankò nou pa ka-

pab eritye wayòm syèl la; se poutèt sa, vin resevwa batèm repantans lan, pou nou kapab lave anba peche nou yo, pou nou kapab gen lafwa nan Ti Mouton Bondye a, li menm ki wete peche mond lan, li gen pouvwa pou l lave moun anba tout enjistis.

15 Wi, m ap di nou, vini e pa pè, mete tout peche ki chaje nou yo sou kote; peche k ap ^amare nou desann nan destriksyon yo, wi, vini e avanse, montre Bondye nou vle repanti nan peche nou yo, epi nou vle fè alyans avèk li pou nou respekte kòmandman li yo, pou nou kapab temwaye sa devan l jodi a nou rantre nan dlo batèm.

16 Epi nenpòt moun ki fè sa, e ki respekte kòmandman Bondye yo depi kounyeya, moun sa a, ap sonje m te di l; wi, l ap sonje m te di l l ap gen lavi etènèl daprè temwayaj Lespri Sen an ki temwaye nan mwen an.

17 È kounyeya, frè m yo, èske nou kwè nan bagay sa yo? M ap di nou, wi; m konnen nou kwè yo; epi jan m konnen sa, se avèk manifestasyon Lespri ki nan mwen an, e kounyeya paske lafwa konsènan bagay sa a m te pale nou an solid, m kontan anpil.

18 Paske, jan m te di nou depi

10a Mozya 3:8.
GE Mari, manman Jezi.
b Eza. 7:14;
Lik 1:27.
c 1 Kwo. 9:3;
2 Kwo. 15:9;
1 Ne. 1:4;
3 Ne. 20:29.

d 1 Ne. 11:13-21.
e Mat. 1:20;
Mozya 15:3.
11a Eza. 53:3-5;
Mozya 14:3-5.
12a 2 Ne. 2:8;
Alma 12:24-25.
GE Krisifiksyon.
b Ebre 2:18; 4:15;

D&A 62:1.
13a GE Bondye, Divinite.
b Mozya 15:12.
GE Ekspyasyon, ekspye.
14a GE Fèt ankò, fèt nan Bondye.
15a 2 Ne. 4:18.

anvan an, m pa t vle pou nou te nan menm eta grav frè nou yo te ye a, m wè dezi mwen te akonpli.

19 Paske, m santi nou la nan chemen lajistis, m santi nou nan chemen ki mennen nan wayòm Bondye a; wi, m santi n ap fè "chemen li a vin dwat.

20 M santi temwayaj pawòl li a fè nou konnen nou pa kapab "mache nan chemen kwochi, ni li pa chanje sa li te di; li pa menm genyen nonplis aparans yon moun ki kapab sòti adwat pou l ale a goch, ni sòti nan sa ki bon pou l ale nan sa ki pa bon, se poutèt sa, chemen li se yon ronn etènèl.

21 Epi, li pa rete nan tanp ki "pwofane, nonplis, tou nan salte oubyen okenn bagay ki pa pwòp pa p kapab antre nan wayòm Bondye a; se poutèt sa, gen yon lè k ap vini, wi, e se va nan dènye jou a, yon moun ki ^bsal pral rete nan salte li a.

22 Epi kounyeya, frè byenneme m yo, m ap di nou bagay sa yo pou m kapab fè nou sonje devwa nou devan Bondye, pou nou kapab mache san repwòch devan l, pou nou kapab mache dapre lòd sen Bondye a, dapre lòd nou te resevwa a.

23 Epi kounyeya, m ta vle pou nou gen "imilite, pou nou soumi, e pou nou janti; pou nou pran pitye fasil; pou nou chaje avèk pasyans, ak pasyans san limit;

pou nou tanpere nan tout bagay; kenbe kòmandman Bondye yo tout tan avèk dilijans; mande nenpòt sa nou bezwen, ni bagay espiyitèl ni bagay tanporèl; pou nou toujou di Bondye mèsi pou tout sa nou resevwa.

24 Epi m ta vle pou nou gen "lafwa, esperans ak charite, e lè sa a, n ap toujou fè anpil bon zèv.

25 Epi se pou Senyè a beni nou, pou l kenbe rad nou san tach pou nou kapab chita nan dènye jou yo, bò kote Abraram, Izarak ak Jakòb, ak pwofèt ki sen yo ki te pase depi mond lan te kòmanse a, pou rad nou san "tach menm jan rad pa yo san tach nan wayòm syèl la, pou nou pa jan m kite l.

26 Epi kounyeya frè byenneme m yo, m pale nou pawòl sa yo dapre Lespri ki temwaye nan mwen an, e nanm mwen rejwi anpil, poutèt gwo dilijans ak atansyon nou bay pawòl mwen yo.

27 Epi kounyeya, se pou "lapè Bondye poze sou nou, ak nan kay nou, ak nan jaden nou, sou bèt nou ak tout sa nou genyen, sou madanm ak pitit nou dapre lafwa nou ak bon zèv nou, depi kounyeya pou tout tan. Se sa m ap di nou. Amèn.

CHAPIT 8

Alma preche e li batize moun nan peyi Melèk la—Moun Amoniya

19a Mat. 3:3.

20a 1 Ne. 10:19;
Alma 37:12;
D&A 3:2.

21a 1 Kor. 3:16–17; 6:19;
Mozya 2:37;

Alma 34:36.

b 1 Ne. 15:33–35;
2 Ne. 9:16;
Mòm. 9:14;
D&A 88:35.

23a GE Enb, imilite.

24a 1 Kor. 13;

Etè 12:30–35;
Mowo. 7:33–48.

25a 2 Pyè 3:14.

27a GE Lapè.

yo repouse l, e l ale—Yon zanj kòmande l pou l retounen al preche pèp la repantans—Amilèk resevwa l, e yo tou de al preche moun Amoniya yo. Anviwon 82 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, Alma te retounen sòti nan “peyi Jedeon an, apre l te fin ansenye pèp Jedeon an anpil bagay ki pa kapab ekri, apre l te fin tabli lòd legliz la, menm jan l te fè nan peyi Zarayemla a; wi, li te retounen lakay pa l nan Zarayemla pou l repoze apre travay li te fin fè yo.

2 Epi se konsa nevyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini.

3 Epi, se te konsa, nan kòmansman dizyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a, Alma te pati pou l t ale nan peyi Melèk la, nan kote lwès “rivyè Sidon an, nan kote lwès bò fwontyè dezè a.

4 Epi, li te kòmansé preche pèp nan peyi Melèk la daprè “lòd sen Bondye a, lòd ki te ba li apèl la; e li te kòmansé preche pèp la nan tout peyi Melèk la.

5 Epi, se te konsa, moun yo te sòti nan tout fwontyè peyi ki te bò kote dezè a pou yo vin jwenn li;

6 Konsa lè l te fin fè travay li nan Melèk, li te pati e li te vwayaje twa jou nan nò peyi Melèk la, e li t ale nan yon peyi ki rele Amoniya.

7 Lè sa a se te koutim pèp Nefi

a pou yo fè peyi yo ak vil ak vilaj yo, wi menm tout ti vilaj yo pote non moun ki te mèt yo anvan an, e se konsa sa te ye pou vil Amoniya a.

8 Epi, se te konsa, lè Alma te vin nan vil Amoniya a, li te kòmansé preche yo pawòl Bondye a.

9 Kounyeya, Satan te gen gwo “pouvwa nan kè pèp ki nan vil Amoniya a, se poutèt sa, yo pa t vle koute pawòl Alma yo.

10 Men, lespri Alma te “travay anpil, li te ^bgoumen avèk Bondye nan ^cgwo priyè, pou Bondye te kapab vide Lespri l sou pèp ki nan vil la; pou l ta fè Alma baptizé yo pou repantans.

11 Men, yo fè kè yo di, Epi yo di Alma: Nou konnen w rele Alma, e nou konnen w se gran prèt nan legliz ou te tabli anpil kote nan peyi a, daprè tradisyon pa w; nou pa nan legliz ou a, e nou pa kwè nan tradisyon sòt sa yo.

12 Epi kounyeya nou konnen poutèt nou pa nan legliz ou a, nou konnen ou pa gen pouvwa sou nou; e ou te bay “Nefiya fètèy jijman an; se poutèt sa, ou pa jij anchèt sou tèt nou ankò.

13 Kounyeya lè pèp la te fin di sa, epi lè yo te fin reziste devan tout pawòl li yo, lè yo te fin meprize l, krache sou li, e fè chase l nan vil yo a, li te pati pou l ale nan direksyon peyi yo te rele Aawon an.

14 Epi, se te konsa, pandan l t ap vwayaje, pandan l te koube

8 1a Alma 2:20; 6:7.

3a Alma 16:6–7.

4a D&A 107:2–4.

GE Prètriz

Mèlkisedèk.

9a 2 Ne. 28:19–22;

D&A 10:20.

10a Alma 17:5.

b Enòs 1:1–12.

c 3 Ne. 27:1.

GE Priyè.

12a Alma 4:20.

anba lapenn, travèse anpil “tribilasyon ak doulè nan nanm li poutèt mechanste pèp ki nan vil Amoniya a, e, se te konsa, pandan Alma te koube konsa anba lapenn, yon ^bzanj Senyè a te parèt devan l, epi zanj la di:

15 Ou beni, Alma; se poutèt sa, leve tèt ou pou w rejwi, ou gen bon rezon pou w rejwi; paske w te respekte kòmandman Bondye yo avèk lafwa depi lè w te resevwa premye mesaj ou a nan men l. Se mwen menm ki te “remèt w li.

16 Epi gade, yo voye m ba w kòmandman pou w tounen nan vil Amoniya a, pou w preche pèp ki nan vil la ankò; wi, preche yo. Wi, di yo si yo pa repanti, Senyè Bondye a ap “detwi yo.

17 Paskè gade, y ap prepare yo kounyeya pou yo detwi libète pèp la, (paskè, Senyè a di) bagay sa a kontrè avèk règ, ak jijman, ak kòmandman yo m te bay pèp mwen an.

18 Kounyeya, se te konsa, lè Alma te fin resevwa mesaj nan men zanj Senyè a, li te retounen ak tout vitès nan Amoniya. Epi, li te antre nan vil la pa mwayen yon lòt chemen, wi, li te antre nan kote sid vil Amoniya a.

19 Epi, pandan l t ap antre nan vil la, li te grangou, e li di yon nonm: èske w kapab bay yon sèvitè Bondye a ki enb yon bagay pou l manje?

20 Epi, nonm nan di l: M se yon Nefit, e m konnen w se yon

pwofèt ki sen Bondye a, paske w se moun “zanj lan te di m pou m resevwa nan yon vizyon. Se poutèt sa, an n ale lakay avèk mwen, epi m ap ba w nan manje m nan, e m konnen w ap yon benediksyon pou mwen ak pou kay mwen.

21 Epi, se te konsa, nonm nan te resevwa l lakay li; nonm nan te rele “Amilèk; li te pote pen ak vyann mete devan Alma.

22 Epi, se te konsa, Alma te manje pen, e vant li te plen, e li te “beni Amilèk ak kay li a, e li te di Bondye mèsi.

23 Epi, lè l te fin manje, e vant li te plen, li di Amilèk: M rele Alma, e m se “gran prèt ki alatèt legliz Bondye a nan tout peyi a.

24 Epi gade Bondye te rele m pou m preche pawòl li nan pami tout pèp sa a, dapre lespri revelasyon ak pwofesi a; m te nan peyi sa a, e yo pa t vle resevwa m, men yo te “kouri dèyè m, e m ta pral vire do bay peyi sa a pou tout tan.

25 Men gade, m te resevwa kòmandman pou m retounen vin pwofetize devan pèp sa a, wi, pou m temwaye kont inikite l yo.

26 Epi kounyeya, Amilèk, paske w te ban m manje, epi w te kite m antre lakay ou, ou beni; paske m te grangou, poutèt mwen te jene pandan anpil jou.

27 Epi, Alma te rete avèk Amilèk pandan anpil jou anvan li te kòmanse preche pèp la.

14a GE Advèsite.

b Alma 10:7–10, 20.

GE Zanj yo.

15a Mozya 27:11–16.

16a Alma 9:12, 18, 24.

20a Alma 10:7–9.

21a GE Amilèk.

22a Alma 10:11.

23a Alma 5:3, 44,

49; 13:1–20.

24a Alma 8:13.

28 Epi, se te konsa, pèp la te vin komèt plis inikite.

29 Epi, Alma te resevwa yon pawòl ki di l: Ale; e di Amilèk, sèvitè m nan, pou l al pwofetize devan pèp sa a, pou l di yo—“Repanti, paske Senyè a di, si nou pa repanti m ap vizite pèp sa a nan kòlè m, wi, e m p ap wete gwo kòlè m sou yo.

30 Epi, Alma ak Amilèk t ale nan pami pèp la pou yo deklare yo pawòl Bondye, e yo te ranpli avèk Sentespri a.

31 Epi yo te tèlman resevwa “pouvwa, yo pa t kapab rete fèm nan kacho, pèsonn pa t kapab touye yo; men, yo pa t egzèsè ^bpouvwa yo anvan yo te mare anba kòd, e anvan yo te nan prizon; Senyè a te fè sa, pou l te kapab montre pouvwa l te avèk yo.

32 Epi, se te konsa, yo t ale pou yo kòmanse preche ak pwofetize devan pèp la dapre Lespri ak pouvwa Senyè a te ba yo.

Pawòl Alma ak pawòl Amilèk te pale pèp ki te nan Amoniya a. Epi, yo te mete yo nan prizon tou, epi pouvwa mirak Bondye a te delivre yo dapre istwa Alma.

Depi nan chapit 9 jouk nan finisman chapit 14.

CHAPIT 9

Alma kòmande pèp Amoniya a pou

yo repanti—Senyè a pral gen mi-zèrikòd pou Lamanit yo nan dènye jou yo—Si Nefit yo repouse limyè a, Lamanit yo ap detwi yo—Pitit Gason Bondye a pral vini talèkonsa—Li pral rachte moun ki repanti, ki batize, e ki gen lafwa nan non Li. Anviwon 82 ANVAN JEZIKRI.

EPI ankò, mwen menm Alma, Bondye te ban m kòmandman pou m pran Amilèk, epi pou m al preche pèp sa a ankò, oubyen pèp ki nan vil Amoniya a; e, se te konsa, lè m te kòmanse preche yo, yo te kòmanse fache kont mwen, yo di:

2 Kiyès ou ye? Ou konprann n ap kwè temwayaj “yon sèl moun, menm si li ta preche nou tè a gen pou l pase?

3 Yo pa t konprann sa yo t ap di, paske yo pa t konnen tè a gen pou l pase.

4 Epi, yo te di tou: Nou p ap kwè pawòl ou, si w ta pwofetize gwo vil sa a gen pou l detwi nan “yon sèl jou.

5 Yo pa t konnen si Bondye te kapab fè gwo bagay konsa, paske yo te gen kè yo di, e se te yon pèp ki gen kou rèd.

6 Epi, yo te di: “Kiyès Bondye ye pou l pa voye ^bokenn lòt otorite, eksepte yon sèl moun nan pami pèp sa a, pou deklare yo verite konsènan yon bagay ki tèlman gran, ki se yon mèvèy?

7 Epi, yo te kanpe pou yo mete men sou mwen; men, yo pa t fè

29a Alma 9:12, 18.
GE Repantans,
repanti.
31a 1 Nè. 1:20.

b Alma 14:17–29.
9 2a Det. 17:6.
4a Alma 16:9–10.
6a Egz. 5:2;

Mozya 11:27;
Moyiz 5:16.
b Alma 10:12.

sa. Epi, m te kanpe kareman pou m deklare yo, wi, m te temwaye kareman devan yo, m di:

8 Gade O, nou menm, “jenerasyon mechan, kòwonpi, kòman nou fè bliye tradisyon zansèt nou yo; wi, kòman nou fè bliye kòmandman Bondye yo si vit!

9 Èske nou pa sonje se “men Bondye ki te wetey Leyi, papa nou, nan Jerizalèm? Èske nou pa sonje li te dirije yo tout nan dezè a?

10 Epi èske nou gentan bliye konbyen fwa li te delivre zansèt nou yo anba men ènmi yo, e li te prezève yo pou yo pa t detwi, menm anba men frè pa yo?

11 Wi, si se pa t pou pouwva enkonparab li, ak mizèrikòd li, ak andirans li pou byen nou, nou t ap efase sou sifas tè a kanmèm, depi lontan, e nou t ap rezève pou yon eta mizerab ak yon malè ki p ap janm “fini.

12 Gade, m ap di nou, li kòmande pou nou repanti, e si nou pa repanti, pa gen okenn fason nou kapab eritye wayòm Bondye a. Men, sa se pa tout—li te kòmande pou nou repanti, oubyen, l ap “detwi nou nèt sou sifas tè a; wi, l ap vizite nou nan kòlè li, e nan ^bgwo kòlè li a, li p ap detounen.

13 Gade èske nou pa sonje pawòl li te pale avèk Leyi, lè l te di: “depou nou respekte kòmandman m yo, n ap pwospere nan

peyi a? Epi tou, li te di: toutotan nou pa respekte kòmandman m yo, n ap derasinen sòti nan prezans Senyè a.

14 Kounyeya, m vle pou nou sonje, depi Lamanit yo pa t respekte kòmandman Bondye yo, yo te “rejte nan prezans Senyè a. Konsa nou wè pawòl Senyè a te akonpli nan bagay sa a, e Lamanit yo sòti nan prezans li depi lè yo te kòmanse transgresyon yo nan peyi a.

15 Men, m di nou, l ap pi “tolerab pou yo nan jou jijman an pase nou, si nou rete nan peche nou yo. Wi, l ap menm pi tolerab pou yo nan lavi sa a pase nou, si nou pa repanti.

16 Paske gen anpil pwomès ki te “fèt pou Lamanit yo; paske se ^btradisyon zansèt yo ki fè yo rete nan eta “iyorans yo ye a; se pou-tèt sa, Senyè a pral gen mizèrikòd pou yo, epi li pral ^apwolonje egzistans yo nan peyi a.

17 Epi, nan yon moman espesyal, y ap “vin kwè nan pawòl li, e y ap vin konnen tradisyon zansèt yo pa t kòrèk, e anpil ladan yo pral sove, paske Senyè a pral gen mizèrikòd pou tout moun ki ^brele l nan non l.

18 Men gade, m ap di nou, si nou pèsiste nan mechanste nou, nou p ap viv lontan nan peyi a, paske “Lamanit yo ap tonbe sou nou; si nou pa repanti y ap vini yon lè nou pa p konnen, e

8a Alma 10:17–25.

9a 1 Ne. 2:1–7.

11a Mozya 16:11.

12a Alma 8:16;
10:19, 23, 27.

b Alma 8:29.

13a 2 Ne. 1:20;

Mozya 1:7;

Alma 37:13.

14a 2 Ne. 5:20–24;

Alma 38:1.

15a Mat. 11:22, 24.

16a Alma 17:15.

b Mozya 10:12 (gade

vèsè 11–17).

c Mozya 3:11.

d Ela. 15:10–12.

17a Enòs 1:13.

b Alma 38:5;

D&A 3:8.

18a Alma 16:2–3.

yon destriksyon ^btotal ap vizite nou, e sa ap fèt daprè gwo ^ckòlè Senyè a.

19 Paske, li p ap kite nou viv nan inikite nou yo, pou nou pa detwi pèp li a. M ap di nou, non; li ta pito kite Lamanit yo “detwi tout pèp li a ki rele pèp Nefi a, si yo ta ^btonbe nan peche ak transgresyon, apre yo te fin gen tout limyè ak tout konesans Senyè Bondye a te ba yo a;

20 Wi, apre Senyè a te fin fè pèp la tout favè sa yo; wi, apre yo te fin gen plis favè pase tout lòt nasyon, fanmi, lang ak pèp; apre yo te “fin konnen tout bagay daprè jan yo te vle ak lafwa, ak priyè yo, pou yo konnen bagay ki te pase, ki egziste epi ki gen pou pase.

21 Lespri Bondye te vizite yo; yo te pale avèk zanj, e vwa Senyè a te pale avèk yo; yo te gen lespri pwofesi ak lespri revelasyon, ak anpil don tou, don pou yo pale lang, don pou yo preche, don Sentespri a ak don “tradiksyon;

22 Wi, apre Bondye te fin “delivre yo nan peyi Jerizalèm avèk men Senyè a; yo te sove anba famin ak tout kalite maladi; yo te vin gen fòs pou moun pa detwi yo nan batay; yo te sòti nan ^besklavaj pandan anpil fwa, yo te pwoteje e yo te prezève jouk

kounyeya, epi yo te pwospere jistan yo te vin rich avèk tout kalite bagay—

23 Epi kounyeya gade, m di nou, si pèp sa a, ki te resevwa tout benediksyon sa yo nan men Senyè a, ta transgrese kont limyè ak konesans yo genyen an, m di nou, si sa ta fèt, si yo ta tonbe nan transgresyon, sa t ap pi “tolerab anpil pou Lamanit yo pase pou yo.

24 Paske gade, “pwomès Senyè a fè yo, se pou Lamanit yo, men yo pa pou nou si nou transgrese; paske èske Senyè a pa fè pwomès byen klè, e èske li pa fè deklarasyon fèm, si nou fè rebèl kont li, n ap detwi nèt sou sifas tè a?

25 Epi kounyeya pou rezon sa a, pou nou kapab pa detwi, Senyè a voye zanj li vizite anpil moun nan pami pèp li a pou deklare yo pou y al kriye nan pami pèp la byen fò, pou yo di: “repanti, paske, wayòm syèl la ap pwoche;

26 Epi, nan “kèk jou sèlman, Pitit Gason Bondye a pral vini nan laglwa li; e li pral gen laglwa ^bSèl Pitit Literal Papa a, ki plen ^clagras ak bon jijman, ak laverite, ak pasyans, ak ^dmizèrikòd, ak rezistans, li prese pou l ^etande priyè pèp li a epi pou l reponn yo.

27 Epi, li pral vin ^arachte moun

18^b Alma 16:9.

^c Alma 8:29.

19^a 1 Ne. 12:15, 19–20;

Alma 45:10–14.

^b Alma 24:30.

20^a GE Revelasyon.

21^a Omni 1:20;

Mozya 8:13–19;

28:11–17.

22^a 2 Ne. 1:4.

^b Mozya 27:16.

23^a Mat. 11:22–24.

24^a 2 Ne. 30:4–6;

D&A 3:20.

25^a Alma 7:9;

Ela. 5:32.

26^a Alma 7:7.

^b GE Sèl pitit literal.

^c GE Gras.

^d GE Mizèrikòd.

^e Det. 26:7.

27^a GE Redanmètè, restablisman, redanmsyon.

ki ^bbatize pou repantans ak la-fwa nan non li.

28 Se poutèt sa, prepare chemen Senyè a, paske, lè a ap rive pou tout moun jwen rekonpans pou “zèv yo, dapre jan yo te ye—si yo te jis y ap ^bjwen sali pou nanm yo, dapre pouvwa ak delivrans Jezikri; e si yo te move, y ap jwen ^cdanasyon pou nanm yo, dapre pouvwa ak kaptivite dyab la.

29 Kounyeya gade, se vwa zanj la k ap pale avèk pèp la.

30 Epi Kounyeya, frè ^abyenneme m yo, paske se frè m nou ye, e se byenneme nou ye, e nou fèt pou nou mache nan repantans, kòm kè nou te di anpil kont pawòl Bondye a, nou se yon pèp ki ^bpèdi, ki chite.

31 Kounyeya, se te konsa, lè mwen menm Alma, m te fin pale pawòl sa yo, pèp la te fache kont mwen paske m te di yo, yo se yon pèp ki gen kè di, ki gen ^akou rèd.

32 Epi, paske m te di yo tou, yo se yon pèp ki pèdi, ki chite, yo te fache kont mwen, e yo te chèche mete men sou mwen pou yo te kapab mete m nan prizon.

33 Men, se te konsa, Senyè a pa t kite yo pran m lè sa a, pou yo jete m nan prizon.

34 Epi, se te konsa, Amilèk t al kanpe, e li te kòmanse preche yo tou. Tout ^apawòl Amilèk yo pa t ekri, men, kèk nan pawòl li yo ekri nan liv sa a.

CHAPIT 10

Leyi se desandan Manase—Amilèk rakonte istwa zanj la ki te kòmande l pou l pran swen Alma—Priyè moun ki jis yo epaye pèp la—Jij ak avoka ki pa jis yo poze fondasyon destriksyon pèp la. Anviwon 82 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA men ^apawòl ^bAmilèk te preche pèp ki te nan peyi Amoniya, li di:

2 M rele Amilèk, m se pitit gason Jidona, ki te pitit gason Ismayèl, ki te yon desandan Aminadi; epi se Aminadi sa a ki te entèprete ekriti ki te sou miray tanp la, ki te ekri avèk men pa Bondye a.

3 Epi, Aminadi te yon desandan Nefi ki te pitit gason Leyi, ki te sòti nan peyi Jerizalèm nan, e ki te yon desandan ^aManase, ki te pitit gason ^bJozèf, menm Jozèf ke frè l yo te ^cvann nan peyi Ejipt la.

4 Epi tou gade, repitasyon m pa piti tou nan pami tout moun ki konnen m; wi, m gen anpil fanmi ak ^azanmi e m te fè anpil richès nan travay mwen.

5 Men, malgre tout bagay sa yo, m pa t janm konnen anpil bagay konsènan chemen Senyè a, ak ^amistè li yo, ak pouvwa mèveye li a. M te di, m pa t janm konnen anpil konsènan bagay sa yo; men, m twonpe m, paske m te wè anpil nan mistè li yo ak pouvwa mèveye li a;

27^b GE Batèm, batize.

28^a D&A 1:10; 6:33.

^b Sòm 7:16.

^c GE Danasyon, dane.

30^a 1 Jn. 4:11.

^b Alma 12:22.

31^a 2 Ne. 25:28;

Mozya 3:14.

34^a Alma 10.

10 1^a Alma 9:34.

^b Alma 8:21–29.

3^a Jen. 41:51;

1 Kwo. 9:3.

^b GE Jozèf, pitit

gason Jakòb.

^c Jen. 37:29–36.

4^a Alma 15:16.

5^a GE Mistè Bondye yo.

wi, menm nan prezèvasyon lavi pèp sa a.

6 Malgre sa, m te fè kè di, paske li te ^arele m anpil fwa, e pi m pa t vle ^btande; se poutèt sa, m te konnen bagay sa yo, men, m pa t vle akseptè; m te fè rebèl kont Bondye nan mechanste kè mwen jouk nan katriyèm jou setyèm mwa sa a, ki se dizyèm ane gouvènman jij yo.

7 Pandan m t ap vwayaje pou m al vizite yon fanmi pwòch mwen, se konsa yon ^azanj Senyè a te parèt devan m, e li te di: Amilèk, tounen lakay ou, paske w gen pou w bay yon pwofèt Senyè a manje; wi, yon nonm ki sen Bondye te chwazi; paske li te ^bjene anpil jou pou peche pèp sa a, li grangou; ^cresevwa l lakay ou, ba l manje, e l ap beni w ak kay ou; e benediksyon Senyè a ap desann sou ou ak la kay ou.

8 Epi, se te konsa, m te obeyi vwa zanj la, m te retounen nan direksyon lakay mwen. Pandan m t ap mache, m te rankontre ^anonm zanj la te pale m nan, lè l te di m: Resevwa l lakay ou—Epi, se te menm nonm sa a ki t ap pale w konsènan zafè Bondye yo.

9 Epi, zanj la te di m li se yon nonm ki ^asen; se poutèt sa, m konnen li se yon nonm ki sen, paske yon zanj Bondye a te di sa.

10 Epi ankò, m konnen bagay li te temwaye yo se verite; paske, m di, menm jan Senyè a vivan

an, se konsa, li te voye ^azanj li pou fè m konnen bagay sa yo; e li te fè bagay sa yo pandan Alma te ^brete lakay mwen an.

11 Paske gade, Li te ^abeni lakay mwen, li te beni m, ak madanm mwen, ak pitit mwen, ak papa m, ak paran m; wi, li te menm beni tout fanmi m, e benediksyon Senyè a rete sou nou dapre pawòl li te pale yo.

12 Epi kounyeya lè Amilèk te pale pawòl sa yo, pèp la te kòmanse etone, yo te wè te gen ^aplis pase yon sèl moun ki te temwen bagay Alma te akize yo a, ak bagay ki gen pou fèt dapre Lespri pwofesi a ki te nan yo.

13 Men te gen moun nan pami yo ki te vle poze yo kesyon nan mètdam, pou yo te kapab pran yo nan ^apyèj, pou yo te kapab jwenn temwayaj kont yo, pou yo te kapab mennen yo devan jij, pou yo jije yo dapre lalwa a, e pou yo te kapab touye yo oubyen mete yo nan prizon dapre krim yo ta kapab chèche mete sou do yo.

14 Kounyeya, se te moun sa yo ki te vle detwi yo; se te ^aavoka pèp la te peye, oubyen pèp la te lonmen pou egzekite lalwa a, lè yo nan jijman, oubyen lè y ap fè jijman krim pèp la devan jij yo.

15 Kounyeya, avoka sa yo te konnen tout entelijans ak mètdam pèp la, e sa te ba yo bon abilite nan pwofesyon yo a.

16 Epi, se te konsa, yo te kò-

6a Alma 5:37.

b D&A 39:9.

7a Alma 8:20.

b Alma 5:46; 6:6.
GE Jèn, jene.

c Tra. 10:30–35.

8a Alma 8:19–21.

9a GE Sen (adj).

10a Alma 11:30–31.

b Alma 8:27.

11a Alma 8:22.

12a Alma 9:6.

13a Alma 11:21.

14a Alma 10:24;

11:20–21; 14:18.

manse kesyone Amilèk pou yo kapab fè l chanje pawòl li, ou-byen, pou l te kapab kontredi pawòl li te di yo.

17 Kounyeya, yo pa t konnen Amilèk te kapab konnen panse yo. Men, lè yo kòmanse kesyone l, li te “sispèk panse yo, e li te di yo: O, nou menm, jenerasyon mechan, ^bjenerasyon kòwonpi, nou menm avoka ak ipokrit, paske, n ap poze fondasyon pou dyab la; paske n ap tann ‘pèlen pou nou pran sen Bondye yo.

18 N ap fè plan pou nou “detounen chemen moun ki jis yo, pou nou kapab rale kòlè Bondye sou tèt nou, jistan pèp sa a fin detwi nèt.

19 Wi, Mozya ki te dènye wa nou an te byen di, lè l ta pral bay wayòm nan, li pa t gen pèsonn pou l te bay li, li te fè pèp la chwazi gouvènman yo pou tèt pa yo—wi, li te byen di, lejou pèp la ta “chwazi inikite, si yon lè pèp sa a ta tonbe nan transgresyon, yo t ap pare pou destriksyon.

20 Epi, kounyeya, m ap di nou, Senyè a gen rezon pou l jije inikite nou yo; li gen rezon pou l rele nan zòrèy pèp sa a avèk vwa “zanj li yo: Repanti, repanti paske wayòm syèl la ap pwoche.

21 Wi, li gen rezon pou l rele avèk vwa zanj li yo, lè l di: “M pral desann nan pami pèp mwen

an avèk egalite, epi avèk lajistis nan men mwen.

22 Wi, epi m di nou, si se pa t pou “priyè moun ki jis yo ki nan peyi a kounyeya, yon destriksyon total t ap vizite nou kounyeya menm; men, se pa t ap nan ^bdelij, menm jan avèk pèp nan epòk Noye a, men se t ap avèk famin, ak lapès, epi ak epe.

23 Men, se “priyè moun ki jis yo ki epaye nou; se poutèt sa, si nou chase moun ki jis yo nan pami nou, lè sa a, Senyè a ap sispann lonje men l; men, l ap vini kont nou nan gwo kòlè l, e famin, lapès ak epe ap frape nou, e ^blè a pral rive talèkonsa si nou pa repanti.

24 Epi kounyeya, se te konsa, pèp la te pi fache kont Amilèk e yo te di: Nonm sa a revòlte kont lalwa nou yo ki jis ak avoka ki saj nou te seleksyone yo.

25 Men, Amilèk te lonje men l, epi li te rele pi fò devan yo: O, nou menm jenerasyon mechan, jenerasyon kòwonpi, poukisa Satan gen tèlman gwo pouvwa sa a sou nou? Poukisa nou ba l tèt nou pou l kapab gen pouvwa sou nou, pou l “vegle je nou, pou nou kapab pa konprann pawòl ki pale dapre verite a?

26 Paske gade èske m te temwaye kont lalwa nou? Nou pa konprann; nou di, m te pale kont lalwa nou; m pa t pale kont lalwa nou, okontrè, m te pale an

17a Alma 12:3; 18:20, 32;
D&A 6:16.

b Mat. 3:7;

Alma 9:8.

c D&A 10:21–27.

18a Tra. 13:10.

19a Mozya 29:27;

Alma 2:3–7;

Ela. 5:2.

20a Alma 8:14–16; 13:22.

21a Mozya 13:34.

22a Jak 5:16;

Mozya 27:14–16.

b Jen. 8:21;

3 Ne. 22:8–10.

GE Delij nan

epòk Noye a.

23a GE Priyè.

b Alma 34:32–35.

25a 2 Kor. 4:4;

Alma 14:6.

favè lalwa nou pou pwòp kon-danasyon nou.

27 Epi kounyeya gade, m di nou, se lenjistis “avoka ak jij nou yo ki kòmanse poze fondasyon destriksyon pèp sa a.

28 Epi kounyeya, se te konsa, lè Amilèk te fin pale pawòl sa yo, pèp la te rele dèyè l, yo di: Kounyeya, nou konnen nonm sa a se pitit dyab la, paske, li ban nou “manti; paske, li pale kont lalwa nou, e li di li pa t pale kont lalwa nou.

29 Epi ankò, li te revòlte kont avoka ak jij nou yo.

30 Epi, se te konsa, avoka yo te mete sa nan kè yo, pou yo te kapab itilize yo kont li.

31 Epi te gen youn nan pami yo ki te rele Zizwòm. Se te premye moun ki te “akize Amilèk ak Alma; li te pi maton nan pami yo, e li te responsab anpil nan zafè pèp la.

32 Kounyeya, sèl objektif avoka sa yo, se te tire avantaj, e yo te gen enterè nan travay yo.

CHAPIT 11

Sistèm monetè Nefit yo tabli—Amilèk diskite avèk Zizwòm—Kris la p ap sove moun nan peche yo—Se sèl moun yo ki eritye wayòm syèl la ki sove—Tout moun pral leve nan imòtalite—Pa gen lanmò apre Rezirèksyon an. Anviwon 82 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA se te daprè lalwa Mozya a pou chak moun ki te aple kòm jij, oubyen moun ki te resevwa grad jij yo resevwa

lajan pou tan yo pase ap jije moun yo te mennen devan yo pou jijman.

2 Si yon moun te dwe yon lòt, epi li pa t vle remèt sa li te dwe a, jij la te resevwa rapò kont li; e jij la itilize otorite, e jij la te voye lapolis pou mennen moun nan devan l; e li te jije moun nan daprè lalwa a ak prèv li te resevwa kont moun nan, konsa moun nan te oblije remèt sa li te dwe a, si non, yo te poze sele sou byen l yo, oubyen yo te chase l sòti nan pami pèp la kòm vòlè.

3 Epi jij la te resevwa kòm lajan li, daprè tan li te bay—yon senin lò chak jou, oubyen yon senim lajan, ki egal avèk yon senin lò; e se te daprè lalwa ki te tabli a.

4 Se non diferan pyès lò ak lajan yo, daprè valè yo. Epi se Nefit yo ki te bay non sa yo, paske yo pa t konte menm jan avèk Juif yo ki te nan Jerizalèm nan; ni tou, yo pa t mezire menm jan avèk Juif yo; men, yo te chanje mezi yo ak valè lajan yo, daprè konsepsyon pèp la ak sikonstans yo, nan chak jenerasyon, jouk nan gouvènman jij yo, paske wa Mozya te “tabli prensip, mezi ak valè lajan yo.

5 Men jan yo te konte—yon senin lò, yon seyon lò, yon choum lò, e yon limna lò.

6 Yon senim lajan, yon amnò lajan, yon ezwòm lajan, e yon onti lajan.

7 Yon senim lajan te egal yon senin lò, menm jan an pou yon

27a Lik 11:45–52.
28a Alma 14:2.

31a Alma 11:20–36.
11 4a Mozya 29:40–44.

mezi lò ak yon mezi nenpòt kalite grenn.

8 Yon seyon lò te de fwa lavalè yon senin.

9 Epi yon choum lò te de fwa lavalè yon seyon.

10 Epi yon limna lò te fè valè yo tout.

11 Epi yon amnò lajan te menm valè avèk de senim.

12 Epi yon ezwòm lajan te menm valè avèk kat senòm.

13 Epi yon onti te menm valè avèk yo tout.

14 Kounyeya a, men valè pi piti nan mezi yo—

15 Yon chiblon se mwatye yon senim; se poutèt sa, yon chiblon vo mwatye yon mezi lòj.

16 Epi yon chiblòm se mwatye yon chiblon.

17 Epi yon leya se mwatye yon chiblòm.

18 Kounyeya, se valè yo te tabli dapre kalkil pa yo.

19 Kounyeya, yon ansyon lò te egal twa chiblon.

20 Kounyeya, sèl objektif yo, se te pou yo fè pwofi, paske yo te resewva lajan yo dapre travay yo, se poutèt sa, yo te pwovoke pèp la fè tapaj, ak tout kalite lobo ak mekanste pou yo te kapab gen plis travay, pou yo te kapab “fè lajan dapre pwosè ki te prezante devan yo; se poutèt sa, yo te soulve pèp la kont Alma ak Amilèk.

21 Epi Zizwòm te kòmanse poze Amilèk kesyon, li te di: Èske w vle reponn mwen kèk kesyon m pral poze w? Zizwòm te yon nonm ekspè nan “riz dyab

la, pou l kapab detwi sa ki te bon; se poutèt sa, li te di Amilèk: Èske w vle reponn kesyon m pral poze w yo?

22 Epi Amilèk te di l: wi, si se dapre “Lespri Senyè a ki nan mwen an; paske m p ap di anyen ki lekontre avèk Lespri Senyè a. Epi Zizwòm te di l: Gade, men sis onti lajan, si w nye egzistans yon Èt Siprèm m ap ba w yo tout.

23 Epi Amilèk te di l: O, ou menm “piti lanfè, poukisa w ap ^btante m? Èske w pa konnen moun ki jis pa sede bay tantasyon konsa?

24 Èske w kwè pa gen Bondye? M di w non, ou konnen gen yon Bondye, men w renmen “lajan plis pase l.

25 Epi kounyeya, ou fè manti devan Bondye. Ou di m konsa—men sis onti sa yo ki gen yon pakèt valè, m ap ba w yo—aldske nan kè w, ou konnen w pa t ap ban mwen yo; sèl sa ki te nan tèt ou se te pou w fè m nye vrè Bondye ki vivan an, pou w kapab gen rezon pou w detwi m. Epi kounyeya, gade, poutèt gwo mekanste sa a, w ap gen rekonsans ou.

26 Epi Zizwòm te di l: ou di konsa gen yon vrè Bondye ki vivan?

27 Epi Amilèk te di l konsa: Wi gen yon vrè Bondye ki vivan.

28 Epi Zizwòm te di: èske gen plis pase yon sèl Bondye a?

29 Epi li te reponn: Non.

30 Epi Zizwòm te di l ankò: kòman w fè konnen bagay sa yo?

20a Alma 10:32.
21a Alma 10:13.

22a GE Sentespri.
23a Alma 5:41.

^b GE Tantasyon, tante.
24a 1 Tim. 6:10; Tit 1:11.

31 Epi li te di: Yon “zanj te fè m konnen yo.

32 Epi Zizwòm te di ankò: Ki moun sa a ki gen pou l vini an? Èske li se Pitit Gason Bondye a?

33 Epi li te di l, Wi.

34 Epi Zizwòm te di ankò: Èske l ap sove pèp li a “nan peche yo? Epi Amilèk te reponn li konsa: M di w li p ap fè sa, paske li enposib pou l nye pawòl li.

35 Epi Zizwòm te di pèp la: Fè yon jan pou nou sonje bagay sa yo; paske li di gen yon sèl Bondye; apre sa li di Pitit Gason Bondye a pral vini, men li p ap sove pèp li a—tankou Amilèk te gen otorite pou l kòmande Bondye.

36 Epi Amilèk te di l ankò: gade ou fè manti, paske w di m pale tankou m te gen otorite pou m kòmande Bondye, paske m di konsa li p ap sove pèp li a nan peche.

37 Epi m di w ankò, li pa kapab sove yo nan “peche yo; paske m pa kapab nye pawòl li; paske li te di ^bokenn bagay sal pa kapab eritye “wayòm syèl la: se poutèt sa, kòman w ap fè sove, si w pa eritye wayòm syèl la? Se poutèt sa w pa kapab sove nan peche w yo.

38 Epi Zizwòm te di l ankò: Èske Pitit Gason Bondye a se Papa Etènèl la menm?

39 Epi Amilèk te di l: Wi, Li se “Papa Etènèl syèl la ak tè a menm, ak ^btout bagay ki ladan yo; li se kòmansman an ak finisman an, premye a ak dènye a;

40 Epi li pral vini nan “mond lan pou l ^brachte pèp li a; e li pral “pran transgresyon moun ki kwè nan non l yo sou tè li; e se moun sa yo k ap gen lavi etènèl, e pa gen okenn lòt moun k ap sove.

41 Se poutèt sa, pou mechan yo se kòm si pa t gen “okenn redanmsyon ki te fèt, eksepte kòd lanmò yo pral lage; paske gen yon jou k ap vini ^btout moun pral leve sòti anba lanmò pou yo kapab devan Bondye, pou yo jwenn “jijman dapre zyon yo.

42 Kounyeya, gen yon lanmò ki rele lanmò tanporèl; e lanmò Kris la pral lage “kòd lanmò tanporèl sa a, pou tout moun kapab resisite anba lanmò tanporèl sa a.

43 Lespri a ak kò a pral “reyini ankò nan yon fòm pafè; manm yo ak jwenti yo pral jwenn ansanm avèk kò a, menm jan nou ye kounyeya; Epi nou pral prezante devan Bondye, avèk menm konesans nou genyen kounyeya, e nou pral ^braple nou tout “fòt nou byen klè.

44 Kounyeya, restorasyon sa a pral vini pou tout moun, ni

31 *a* Alma 10:7–10.

34 *a* Ela. 5:10–11.

37 *a* 1 Kor. 6:9–10.

b 1 Ne. 15:33;

Alma 40:26;

3 Ne. 27:19.

GE Enpi.

c GE Wayòm Bondye oubyen wayòm syèl la.

39 *a* Eza. 9:6.

b Kol. 1:16;

Mozya 4:2.

40 *a* GE Mond.

b Wom. 11:26–27.

c Egz. 34:6–7;

Eza. 53:5;

1 Jn. 2:2;

Mozya 14:5; 15:12;

D&A 19:16–19.

41 *a* Alma 12:18;

D&A 88:33.

b Apok. 20:12–13;

Alma 42:23.

c GE Jijman, Dènye a.

42 *a* Alma 12:16.

43 *a* 2 Ne. 9:13;

Alma 40:23.

b 2 Ne. 9:14;

Mozya 3:25;

Alma 5:18.

c GE Remò.

granmoun ak jèn moun, ni esklav ak lib, ni gason ak fi, ni mechan ak jis; epi menm yon branch cheve nan tèt yo p ap pèdi; men okontrè chak bagay pral “restore pafètman nan kò a, jan l ye kounyeya, oubyen nan kò a, epi li pral prezante pou l kanpe devan tribinal Kris la, Pitit Gason an, ak Bondye, ^bPapa a, ak Lespri Sen an, ki se “yon sèl Bondye Etènèl la, pou yo “jije daprè zèv yo, si zèv yo te bon oubyen move.

45 Kounyeya, gade, m te pale avèk nou konsènan lanmò kò mòtèl la, epi tou konsènan “rezirèksyon kò mòtèl la. M ap di nou, kò mòtèl sa ^bleve pou l tounen yon kò “imòtèl, sòti anba lanmò, sòti menm anba premye lanmò a pou l vin nan lavi, pou yo pa janm “mouri ankò; lespri yo reyini avèk kò yo, pou yo pa janm separe ankò; konsa tout kò a vin “espiritiyèl e imòtèl, pou yo pa janm wè koripsyon ankò.

46 Kounyeya, lè Amilèk te fin pale pawòl sa yo, pèp la te kòmanse etone, epi tou Zizwòm te kòmanse tranble. Epi se konsa pawòl Amilèk yo te fini, oubyen se tout sa m te ekri.

CHAPIT 12

Alma pale avèk Zizwòm—Se sèl moun ki gen lafwa ki kapab resevwa mistè Bondye yo—Lèzòm

pral jije poutèt panse yo, kwayans yo, pawòl yo, ak zèv yo—Mechan yo pral soufri lanmò espiritiyèl—Lavi mòtèl sa a se yon tan pou eprèv—Plan redanmsyon an mennen Rezirèksyon an, epi, atravè lafwa, yon padon pou peche—Moun ki repanti gen dwa rek lame mizèrikòd atravè Sèl Pitit Gason Literal la. Anviwon 82 AN-VAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, Alma ki te wè pawòl Amilèk yo te fè Zizwòm pè, paske li wè Amilèk te kenbe l nan “manti ak foub pou l kapab detwi l, epi li wè l te kòmanse tranble anba ^bkonesans peche l, li te louvri bouch li epi li te kòmanse pale avèk li, pou l tabli pawòl Amilèk yo, pou l esplike bagay yo plis, oubyen pou l etale ekriti yo plis pase jan Amilèk te fè a.

2 Kounyeya moun alantou yo te tande pawòl Alma te di Zizwòm yo, paske foul la te anpil, epi li te pale konsa:

3 Kounyeya, Zizwòm, ou wè nou te kenbe w nan manti ak mètdam, paske w pa sèlman bay lèzòm manti men ou te bay Bondye manti tou; paske, gade li konnen, tout “panse w yo, epi ou wè Lespri a fè nou konnen panse w yo.

4 Epi ou wè nou konnen plan w lan te koken anpil, daprè sibtilite dyab la, ou te vle bay manti pou w twonpe pèp sa a, pou w

44a Alma 41:12–15.

b GE Bondye, Divinite—
Bondye Papa a.

c 3 Ne. 11:27, 36.

GE Bondye, Divinite.

d Apok. 20:12–13.

45a Alma 40:23;

D&A 88:16.

b GE Rezirèksyon.

c GE Imòtèl, imòtèl.

d Apok. 21:4;

D&A 63:49; 88:116.

e 1 Kor. 15:44.

12 1a Alma 11:20–38.

b GE Konsyans.

3a Jakòb 2:5;

Alma 10:17;

D&A 6:16.

kapab leve yo kont nou, pou yo maltrete nou epi pou yo chase nou—

5 Se te plan “advèsè w la, epi li te egzèsè pouvwa l nan ou. Kounyeya, m ta vle w sonje sa m di w, se pou tout moun m di l.

6 Epi gade, m di w konsa, tout bagay sa a, se te pyèj advèsè a te pare pou l kapab pran pèp sa a, pou l kapab soumèt ou devan l, pou l kapab makonnen ou avèk “chenn li yo, pou l kapab anchene nou desann nan destriksyon etènèl, daprè pouvwa kaptivite l.

7 Kounyeya lè Alma te fin pale pawòl sa yo, Zizwòm te kòmanse tranble pi rèd, paske li te gen plis ak pi plis konviksyon konsènan pouvwa Bondye a; epi tou li te gen konviksyon Alma ak Amilèk te gen konesans konsènan li, paske li te gen konviksyon yo te konnen panse ak entansyon kè l; paske yo te resevwa pouvwa pou yo te kapab konnen bagay sa yo daprè lespri pwofesi a.

8 Epi Zizwòm te kòmanse mande yo avèk dilijans, pou l kapab konnen plis konsènan wayòm Bondye a. Epi li te di Alma: Kisa Amilèk vle di konsènan rezirèksyon mò yo, lè l te di, tout moun pral leve nan pami mò yo, ni moun ki jis ni moun ki enjis, pou yo kanpe devan Bondye pou yo jije daprè zèv yo?

9 Epi kounyeya, Alma te kòmanse esplike l bagay sa yo, li di: anpil moun gen mwayen pou yo kapab konnen “mistè Bondye yo; men yo resevwa kòmandman sevè pou yo pa pataje, ^bek-septe pòsyon pawòl li bay pitit lèzòm, daprè atansyon ak dilijans yo ba li.

10 Epi se poutèt sa, yon moun ki fè kè “di, moun sa a ap resevwa pi ^bpiti pòsyon pawòl la; e yon moun ki “pa fè kè di, l ap ^aresevwa pi gran pòsyon pawòl la, jistan li vin kapab konnen mistè Bondye yo konplètman.

11 Epi moun ki fè kè di, yo resevwa pi piti “pòsyon pawòl la jistan yo pa ^bkonnen anyen konsènan mistè li yo; e lè sa a dyab la fè yo prizonye, e li mennen yo desann jan li vle nan destriksyon. Kounyeya, se sa “chenn ^alanfè yo vle di.

12 Epi Amilèk te pale klè konsènan “lanmò, ak lè n ap leve sòti nan mòtalite sa a pou nou ale nan yon eta imòtalite, ak lè n ap prezante devan ba ^bjijman Bondye a, pou nou jije daprè zèv nou yo.

13 Lè sa a, si kè nou te di, wi, si nou te fè kè di kont pawòl la, pou l pa t gen plas nan nou, lè sa a, ka nou ap grav, paske lè sa a n ap kondane.

14 Paske “pawòl nou yo ap kondane nou, wi tout zèv nou yo ap kondane nou; nou p ap

5a GE Dyab.

6a Alma 5:7–10.

9a Alma 26:22.

GE Mistè Bondye yo.

b Jan 16:12; Alma 29:8;

3 Ne. 26:8–11;

Etè 4:7.

10a 2 Ne. 28:27; Etè 4:8.

b D&A 93:39.

c GE Enb, imilite.

d 2 Ne. 28:30;

D&A 50:24.

11a Mat. 25:29.

b GE Apostazi.

c Jan 8:34; 2 Ne. 28:19.

d Pwov. 9:18; 2 Ne. 2:29.

GE Lanfè.

12a Alma 11:41–45.

b GE Jijman, Dènye a.

14a Mat. 12:36; Jak 3:6;

Mozya 4:29–30.

san tach; epi tou panse nou yo ap kondane nou; e nan eta terib sa a, nou p ap pèmèt nou leve tèt devan Bondye nou an; epi nou t ap pi kontan si nou ta kapab kòmande wòch yo ak ^bmòn yo pou yo tonbe sou nou pou yo ^ckache nou devan prezans li.

15 Men sa pa kapab fèt; nou dwe vin prezante nou devan l nan laglwa l, ak pouvwa l, ak fòs li, ak majeste l, ak dominasyon l, pou nou rekonèt ^alawont etènèl, tout ^bjijman li yo jis; li jis nan tout zèv li yo, epi li gen mizèrikòd pou lèzòm, epi li gen tout pouvwa pou l sove chak moun ki kwè nan non l e ki pote fwi ki bon pou repantans.

16 Epi kounyeya, gade, m ap di nou, apre sa yon lanmò pral vini, dezyèm ^alanmò a menm, ki se lanmò espiyityèl la; lè sa a, se pral yon tan pou nenpòt moun ki mouri nan peche l yo, dapre ^blanmò tanporèl la, l ap sibi yon ^clanmò espiyityèl tou; wi, l ap sibi konsènan bagay ki fè pati nan lajistis.

17 Lè sa a, se va tan pou touman yo vin tankou yon ^alak dife ak souf ki gen flann li k ap monte pou tout tan; e l ap lè pou yo anchene anba destriksyon etènèl, dapre pouvwa ak kapivite Satan, paske li soumèt yo dapre volonte l.

18 Lè sa a, m di nou, y ap tankou pa t gen ^aokenn redansyon ki te fèt; paske yo pa kapab rachte dapre lajistis Bondye; epi yo pa kapab ^bmouri paske pa gen koripsyon ankò.

19 Kounyeya, se te konsa, lè Alma te fin pale pawòl sa yo, pèp la te kòmanse pi etone;

20 Men, te gen yon nonm ki rele Antyona, ki te dirijan an chèf nan pami yo, ki te vini e ki te di l: Kisa w vle di, lè w di moun pral leve sòti anba lanmò e kò mòtèl sa a pral chanje vin nan yon eta ^aimòtèl, e nanm nan p ap janm mouri?

21 Ki sa ekriti a vle di, ki di konsa Bondye mete ^aCheriben ak yon epe tou limen nan lès jaden ^bEdenn nan, pou premye paran nou yo pa antre vin pran nan fwi pyebwa lavi a, pou yo viv pou tout tan? Epi konsa nou wè pa t gen okenn chans pou yo ta viv pou tout tan.

22 Epi kounyeya Alma di l: Se bagay sa a m ta pral esplike. Kounyeya, nou wè Adan te ^atonbe paske li te manje nan ^bfwi defandi a, dapre pawòl Bondye a; e konsa nou wè, lè li te tonbe a, tout limanite te vin tounen yon pèp ^cpèdi, ki tonbe.

23 Epi kounyeya, gade, m ap di nou, si l te posib pou Adan te ^amanje nan fwi pyebwa lavi a lè

14b Oze 10:8; 2 Ne. 26:5.

c Jòb 34:22;
2 Ne. 12:10.

15a Mozya 3:25.

b 2 Pyè 2:9.
GE Jistis.

16a GE Lanmò espiyityèl.

b Alma 11:40–45.
c 1 Ne. 15:33;

Alma 40:26.

17a Apok. 19:20; 21:8;
Mozya 3:27.

18a Alma 11:41.

b Apok. 21:4;
Alma 11:45;

D&A 63:49.

20a GE Imòtèlité, imòtèl.
21a Jen. 3:24; Alma 42:2;

Moyiz 4:31.

GE Cheriben.
b GE Edenn.

22a GE Chit Adan ak Èv.

b Jen. 3:6;
2 Ne. 2:15–19;

Mozya 3:26.

c Mozya 16:4–5.
23a Alma 42:2–9.

sa a, pa t ap gen lanmò, e pawòl la t ap san valè, ki fè Bondye t ap yon mantè, paske li te di konsa: ^bsi w manje l w ap mouri kanmèm.

24 Epi konsa, nou wè “lanmò vini sou limanite, wi, lanmò Amilèk t ap pale a, ki se lanmò fizik la; malgre sa, ^blèzòm te resevwa tan pou yo repanti; se poutèt sa lavi sa a, te vin tounen yon tan pou eprè; yon tan pou yo “prepare pou rankontre Bondye; yon tan pou yo prepare eta etènèl nou te pale a, k ap vini apre rezirèksyon mò yo.

25 Kounyeya, si se pa t pou “plan redanmsyon an, ki te prepare depi nan fondasyon mond lan, pa t ap kapab gen ^brezirèksyon pou mò yo; men, te gen yon plan redanmsyon ki prepare, ki pral reyalize rezirèksyon mò yo nou te pale a.

26 Epi kounyeya, gade, si l te posib pou premye paran nou yo te avanse epi manje nan fwi “pyebwa lavi a, yo t ap mizerab pou tout tan, san okenn tan pou yo prepare yo; e konsa, ^bplan redanmsyon an t ap echwe, e pawòl Bondye a t ap san valè, li pa t ap akonpli.

27 Men, gade, si se pa sa ki te fèt; lèzòm te “konsakre pou yo mouri; e apre lanmò, yo dwe

vini pou yo pase nan ^bjijman, menm jijman nou te pale a, ki se lafen an.

28 Epi lè Bondye te fin deklare bagay sa yo dwe rive lèzòm, gade, lè sa a, li wè li te nesèsè pou lèzòm te konnen bagay sa yo li te di ki te gen pou rive yo a;

29 Se poutèt sa, li te voye “zanj pou pale avèk yo, ki te fè lèzòm wè yon pati nan laglwa li.

30 Epi depi lè sa a, yo te kòmanse envoke l; se poutèt sa, Bondye te “pale avèk lèzòm, e li te fè yo konnen ^bplan redanmsyon an, ki te prepare depi nan “fondasyon mond lan; epi li fè yo konnen sa, dapre lafwa yo, repantans ak zèv sen yo.

31 Se poutèt sa, li te bay lèzòm “kòmandman yo, paske premyèman yo te transgrese ^bpremye kòmandman yo dapre bagay tanporèl, e yo te vin tankou se bondye yo te ye, paske yo te vin “konnen byen ak mal, yo te mete tèt yo nan yon pozisyon pou yo “aji, oubyen yo te plase nan yon pozisyon pou yo te aji dapre volonte yo, ak dezi pa yo, pou yo fè sa ki mal oubyen pou yo fè sa ki byen—

32 Konsa, Bondye te ba yo kòmandman yo, apre l te fin fè yo “konnen plan redanmsyon an, pou yo pa fè sa ki mal, li te fè

23^b Jen. 2:17.

24^a GE Lanmò, fizik.

^b 2 Ne. 2:21;

Moyiz 5:8–12.

^c Alma 34:32–35.

25^a GE Plan redanmsyon.

^b 2 Ne. 2:8;

Alma 7:12; 42:23.

26^a Jen. 2:9;

1 Ne. 15:36;

Alma 32:40.

^b Alma 34:8–16;

42:6–28;

Moyiz 6:59–62.

27^a Jòb 7:1;

Ebre 9:27;

D&A 42:48.

^b GE Jijman, Dènye a.

29^a Mowo. 7:25, 31;

D&A 29:42.

30^a Moyiz 5:4–5; 6:51.

^b GE Plan redanmsyon.

^c Mozya 18:13;

Alma 13:3, 5, 7–8.

31^a GE Kòmandman

Bondye yo.

^b Jen. 2:16–17;

2 Ne. 2:18–19.

^c Jen. 3:22–23;

Moyiz 4:11.

^d 2 Ne. 2:16.

GE Lib abit.

32^a Moyiz 5:4–9.

konnen pinisyon yo ap dezyèm ^blanmò a, ki se lanmò pou tout tan dapre bagay ki fè pati nan lajistis; paske plan redanmsyon an pa t kapab gen pouvwa sou moun konsa, paske zèv ^clajistis yo pa t kapab detwi, dapre bonte siprèm Bondye a.

33 Men, Bondye te rele lèzòm nan non Pitit Gason li a, (se plan redanmsyon an ki te tabli) li te di konsa: Si nou repanti, epi si nou pa fè kè nou di, m ap gen mizèrikòd pou nou, pa mwayen Sèl Pitit Gason Literal mwen an;

34 Se poutèt sa, nenpòt moun ki repanti, epi ki pa fè kè di, l ap gen dwa sou ^amizèrikòd pa mwayen Sèl Pitit Gason Literal mwen an, pou ^bpadon peche l yo; epi moun sa yo ap antre nan ^crepo m nan.

35 Epi nenpòt moun ki fè kè di ki fè inikite, gade, m sèmante nan kòlè m, li p ap antre nan repo mwen an.

36 Epi kounyeya, frè m yo, gade m di nou, si nou fè kè di, nou p ap antre nan repo Senyè a; paske inikite nou pwovoke l tèlman li voye kòlè l sou nou menm jan avèk nan ^apremye pwovokasyon an, wi dapre pawòl li nan dènye pwovokasyon an menm jan avèk premye a, nan ^bdestriksyon etènèl nanm nou; konsa, dapre pawòl li nan dènye lanmò a menm jan avèk premye a.

37 Epi kounyeya, frè m yo, kòm nou konnen bagay sa yo, epi yo vre, an nou repanti, epi an nou pa fè kè nou di, pou nou pa ^apwovoke Senyè Bondye nou an pou li pa voye kòlè l desann sou nou nan dezyèm kòmandman li te ban nou yo; okontrè, an nou antre nan ^brepo Bondye a, ki prepare dapre pawòl li a.

CHAPIT 13

Lèzòm resevwa apèl kòm gran prèt, poutèt gwo lafwa yo ak bon zèv yo—Yo dwe ansenye kòmandman yo—Poutèt lajistis yo, yo sanktifye, epi yo antre nan repo Senyè a—Mèlkisedèk se te youn ladan yo—Zanj ap deklare bòn nouvèl nan tout peyi a—Y ap deklare Kris la k ap vini an tout bon. Anviwon 82 ANVAN JEZIKRI.

EPI ankò, frè m yo, m ta vle fè nou sonje epòk Senyè Bondye a te bay pitit li yo kòmandman sa yo, e m ta vle nou sonje Senyè Bondye a te ^aòdone prèt dapre lòd pa l, ki nan lòd Pitit Gason li a pou aprann pèp la bagay sa yo.

2 Epi prèt sa yo te òdone dapre ^alòd Pitit Gason li a, yon ^bfason pou pèp la kapab konnen ki jan pou yo chèche redanmsyon nan Pitit Gason li a.

3 Epi, se te nan fason sa a yo te òdone yo—yo te ^arele yo epi

32^b GE Lanmò espiritiyèl.
c Mozya 15:27;
Alma 34:15–16; 42:15.

34^a GE Mizèrikòd.
b GE Remisyon
peche yo.
c GE Repo.

36^a Jakòb 1:7–8;
Alma 42:6, 9, 14.
b GE Danasyon, dane.

37^a 1 Ne. 17:30;
Jakòb 1:8;
Ela. 7:18.
b Alma 13:6–9.

13 1^a Abr. 2:9, 11.
2^a D&A 107:2–4.
b Alma 13:16.
3^a D&A 127:2.
GE Eleksyon;
Preòdinasyon.

yo te ^bprepare yo depi nan ^cfondasyon mond lan, dapre ^dpresyans Bondye, poutèt gwo lafwa ak bon zèv yo; tou dabò, Bondye te kite yo ^echwazi byen oubyen mal; poutèt yo te chwazi byen, e poutèt yo te egzèse yon gwo ^flafwa, yo te resevwa yon ^gapèl ki sen, wi, yon apèl ki te sen ki te prepare e ki te fèt dapre yon redanmsyon ki te preòdone pou moun konsa.

4 Se konsa yo te resevwa ^aapèl ki te sen sa a poutèt lafwa yo, pandan lòt moun te rejte Lespri Bondye poutèt kè yo ki te di ak panse yo ki te avèg, e si se pa t pou sa, yo t ap kapab gen gran ^bprivilèj tankou frè yo.

5 Oubyen, alafen, tou dabò, yo te nan ^amenm pozisyon avèk frè yo; se konsa, apèl ki te sen sa a te prepare depi nan fondasyon mond lan pou moun ki pa fè kè di, moun ki fè pati nan e pa mwayen ekspstasyon Sèl Pitit Gason Literal la, ki te prepare a—

6 Se konsa yo te resevwa apèl ki te sen sa a, epi yo te òdone nan gran prèttriz la dapre lòd ki sen Bondye a, pou yo ansenye pitit lèzòm kòmandman li yo pou yo kapab antre nan ^arepo li a tou—

7 Paske gran prèttriz sa a nan lòd Pitit Gason li a, lòd sa a ki te

la depi nan fondasyon mond lan; otreman di, paske li ^apa gen jou li te kòmanse oubyen li pa gen ane pou l fini, paske li te prepare depi nan letènite jouk nan tout letènite dapre ^bpresyans li nan tout bagay—

8 Kounyeya, men fason yo te ^aòdone—yo te resevwa yon apèl ki te sen, e yo te òdone avèk yon òdonans ki te sen, e yo te pran gran lòd prèttriz ki sen an sou tèt yo, apèl sa a, ak òdonans sa a, ak gran prèttriz sa a, ki san kòmansman, oubyen finisman an—

9 Se konsa, yo vin tounen ^agran prèt pou tout tan, dapre lòd Pitit Gason an, Sèl Pitit Literal Papa a, ki san kòmansman jou oubyen finisman ane, ki plen ^blagras, ak egalite, ak laverite. Se konsa sa ye. Amèn.

10 Kounyeya, jan m te pale konsènan lòd ki te sen sa a, oubyen ^agran prèttriz sa a, te gen anpil ki te òdone, epi ki te vin tounen gran prèt Bondye a; e se te poutèt gwo lafwa yo, ak ^brepantans yo, ak lajistis yo devan Bondye, yo te pito chwazi pou yo repanti epi pou yo fè zèv lajistis tan pou yo ta peri;

11 Se poutèt sa, yo te aple dapre lòd ki te sen sa a, yo te ^asanktifye, e ^brad yo te lave blanch nan san Ti Mouton an.

3b D&A 138:55–56.

c Alma 12:25, 30.

GE Lavi premòtèl.

d D&A 38:2.

e GE Lib abit.

f GE Lafwa.

g GE Aple, Bondye te

aple, apèl;

Prèttriz.

4a Etè 12:10.

b 1 Ne. 17:32–35.

5a 2 Ne. 26:28.

6a Alma 12:37; 16:17.

GE Repo.

7a Ebre 7:3.

b GE Bondye, Divinite.

8a D&A 84:33–42.

GE Prèttriz Mèlkisedèk.

9a GE Gran prèt.

b 2 Ne. 2:6.

GE Gras.

10a D&A 84:18–22.

b GE Repantans, repanti.

11a Moyiz 6:59–60.

b 1 Ne. 12:10;

Alma 5:21–27;

3 Ne. 27:19–20.

12 Kounyeya apre lè “Sentepri a te fin ^bsanktifye yo, rad yo te fin pwòp, ‘pi, san tach devan Bondye, yo pa t kapab gade ^dpeche san yo pa te gen ^erepinyans; e te gen anpil moun, anpil anpil moun, ki te vin pi, e ki te antre nan repo Senyè, Bondye yo a.

13 Epi kounyeya, frè m yo, m ta vle pou nou gen imilite devan Bondye, pou nou pote ^afwi ki bon pou repantans, pou nou kapab antre nan repo sa a tou.

14 Wi, imilye tèt nou menm jan ak pèp nan epòk ^aMèlkisedèk la, Mèlkisedèk te yon gran prèt dapre menm lòd m te pale a, ki te resevwa gran prèttriz la sou tèt li pou tout tan.

15 Epi, se te menm Mèlkisedèk sa a, ^aAbraram te konn peye ^bladim nan; wi, menm papa nou, Abraram te konn peye ladim, yon dizyèm nan tout sa li te genyen.

16 Kounyeya, Bondye te bay ^aòdonans sa yo nan fason sa a, pou pèp la kapab ret tann Pitit Gason Bondye a, ki se ^bmodèl dapre lòd li a, oubyen ki se lòd li a, pou yo kapab ret tann padon pou peche yo nan limenm, pou yo kapab antre nan repo Senyè a.

17 Kounyeya Mèlkisedèk sa a,

te wa nan peyi Salèm, epi pèp li a te vin tonbe nan inikite ak abominasyon, wi, yo te chaje avèk tout kalite mechanste;

18 Men, paske Mèlkisedèk te egzèsè anpil lafwa, e paske li te resevwa ofis gran prèttriz la, dapre ^alòd sen Bondye a, li te preche pèp li a repantans. Epi, yo te repanti; e Mèlkisedèk te tabli lapè nan peyi a nan epòk li a; se poutèt sa, yo te rele li prens lapè a, paske li te wa peyi Salèm, e li te kòmande sou lòd papa l.

19 Te gen ^aanpil anvan l, e te gen anpil apre l, men, yo ^byoun pa t pi gran pase l; se poutèt sa, yo pale konsènan li espesyalman.

20 Kounyeya, m pa bezwen fè repetisyon konsènan bagay sa a; m di ase. Gade ^aekriti yo devan nou; si nou ^brejte yo, se pou destriksyon tèt pa nou.

21 Epi kounyeya, se te konsa, lè Alma te fin di yo pawòl sa yo, li te lonje men l ba yo, e li te rele byen fò, li te di: kounyeya li lè pou nou ^arepanti, paske jou sali a ap pwoche;

22 Wi, pa mwayen ^abouch zanj yo vwa Senyè a dwe deklare nan tout nasyon; wi, li deklare l pou yo kapab gen bon nouvèl ki bay anpil lajwa; wi, li fè bòn nouvèl

12^a GE Sentepri.

^b Wom. 8:1–9.

GE Sanktifikasyon.

^c GE Pi, pite.

^d Mozya 5:2;

Alma 19:33.

^e Pwov. 8:13;

Alma 37:29.

13^a Lik 3:8.

14^a TJS Jen. 14:25–40

(Apendis);

D&A 84:14.

GE Mèlkisedèk.

15^a GE Abraram.

^b Jen. 14:18–20;

Mal. 3:8–10.

GE Dim, dizyèm.

16^a GE Òdonans yo.

^b GE Senbòl.

18^a GE Prèttriz

Mèlkisedèk.

19^a Ela. 8:18;

D&A 84:6–16;

107:40–55.

^b D&A 107:1–4.

20^a GE Ekriti yo.

^b 2 Pyè 3:16;

Alma 41:1.

21^a GE Repantans,

repanti.

22^a Alma 10:20.

sa yo sonnen pami tout pèp li a; wi, menm nan pami moun ki gaye sou sifas tè a; se poutèt sa, nou tande yo tou.

23 Epi, yo ban nou yo nan yon langaj “klè, pou nou kapab konprann, pou nou kapab pa twonpe tèt nou; e sa fèt paske nou se ^bpèleren nan yon peyi etranje; se poutèt sa, nou te jwenn anpil, paske nou resevwa piblikasyon bòn nouvèl sa yo, tout kote nan jaden nou yo.

24 Paske gade, gen “zanj k ap pibliye l bay anpil moun kounyeya nan peyi nou an; epi sa fèt pou prepare kè pitit lèzòm pou yo kapab resevwa pawòl li nan epòk aparisyon li nan laglwa li a.

25 Epi kounyeya, nou sèlman ap ret tann pou nou tande bòn nouvèl bouch zanj yo ap deklare nou konsènan aparisyon li a; paske, lè a ap pwoche, nou pa “konnen nan konbyen tan. M espere Bondye ta fè sa pandan m vivan an! Men, menm si se kounyeya oubyen apre, sa ap fè m plèzi.

26 Epi, lè l ap vini an, gen bouch zanj ki pral fè moun ki “jis ak moun ki sen yo konnen pou pawòl zansèt nou yo kapab akonpli dapre sa yo te di konsènan li, dapre Lespri pwofesi ki te nan yo.

27 Epi kounyeya frè m yo, m “swete, nan tout fon kè m wi,

avèk anpil anksyete ki fè m mal, pou nou ta koute pawòl mwen yo, e pou nou chase peche nou yo, e pou nou pa ranvwaye jou repantans nou an.

28 Men, pou nou imilye nou devan Senyè a, pou nou rele non li, pou nou “veye e pou nou priye tout tan, pou nou kapab pa ^btante plis pase nou kapab sipòte, e konsa, pou Lespri Sen an dirije nou pou nou kapab vin enb, pou nou kapab vin “dou, pou nou kapab soumi, pasyan, pou nou kapab chaje avèk lanmou ak an-dirans;

29 Pou nou “gen lafwa nan Senyè a; pou nou espere gen lavi pou tout tan; pou nou gen ^blanmou Bondye nan kè nou tout tan pou nou kapab leve nan dènye jou yo, pou nou antre nan “repo li a.

30 Epi se pou Senyè a akòde nou repantans, pou nou kapab pa rale kòlè li sou tèt nou, pou nou pa mare anba chenn “lanfè, pou nou pa soufri dezyèm ^blanmò a.

31 Epi, Alma te pale anpil lòt pawòl devan pèp la, ki pa ekri nan liv sa a.

CHAPIT 14

Yo mete Alma ak Amilèk nan prizon, yo frape yo—Yo boule kwayan yo ak ekriti yo—Senyè a resevwa moun ki te matirize yo nan laglwa

23a 2 Ne. 25:7-8;

31:3; 32:7;

Jakòb 4:13;

Etè 12:39.

^b Jakòb 7:26.

24a Alma 10:10; 39:19.

25a 1 Ne. 10:4;

3 Ne. 1:13.

26a Amòs 3:7;

Lik 2:8-11.

27a Mozya 28:3.

28a GE Priyè;

Santinèl, veye.

^b 1 Kor. 10:13.

c GE Dou, douzè;

Pasyans.

29a Alma 7:24.

^b D&A 20:31; 76:116.

GE Charite.

^c D&A 84:24.

30a GE Danasyon, dane;

Lanfè.

^b GE Lanmò espiritiyèl.

li—*Miray prizon yo fann e yo tonbe—Alma ak Amilèk delivre, e pèsekite yo mouri. Anviwon 82-81 ANVAN JEZIKRI.*

Epi, se te konsa, lè l te fin pale avèk yo, anpil nan yo te kwè nan pawòl li yo, yo te kòmanse repanti, e yo te kòmanse fouye ^aekriti yo.

2 Men, pifò ladan yo te vle de-twi Alma ak Amilèk; yo te fache kont Alma poutèt pawòl ^aklè li te di Zizwòm yo, epi yo te di Amilèk te ba yo ^bmanti, epi li te revòlte kont lalwa yo a, avoka yo ak jij yo.

3 Epi yo te fache kont Alma ak Amilèk; e paske yo te temwaye kareman kont mekanste yo, pèp la te chèche anprizone yo an sekre.

4 Men, se te konsa, yo pa t fè sa; pito, yo te pran yo epi yo te mare yo avèk kòd ki te solid, e yo te mennen yo devan jij anchèf peyi a.

5 Epi pèp la t al temwaye kont yo, pèp la di, yo revòlte kont lalwa a ak avoka yo ak jij peyi a, ak tout moun ki nan peyi a; e pèp la di, yo te di gen yon sèl Bondye, li pral voye Pitit Gason li a nan pami pèp la, men li p ap sove yo; e te gen anpil bagay konsa pèp la te temwaye kont Alma ak Amilèk. Sa te pase devan jij anchèf peyi a.

6 Epi, se te konsa, Zizwòm te etone pou pawòl ki te pale yo, li te konnen jan li te lakòz panse pèp la vin avèg poutèt manti l

te ba yo, e nanm li te kòmanse ^atoumanse ak yon ^bkonsyans plen remò; wi, li te kòmanse an-sèkle ak doulè lanfè.

7 Epi, se te konsa, li te kòmanse rele bay pèp la, li di: Mwen ^aantò e nonm sa yo san tach devan Bondye. Epi, depi lè sa a, li te kòmanse plede pou yo; men, pèp la te meprize l, yo te di: Èske dyab la anpare w tou? Yo te krache sou li, yo te ^bchase l nan pami yo ak tout moun ki te kwè nan pawòl Alma ak Amilèk te pale yo; yo te chase yo, e yo te voye moun pou voye wòch dèyè yo.

8 Epi yo te mennen madanm yo ak pitit yo ansanm, e tout moun ki te kwè oubyen ki te aprann kwè nan pawòl Bondye a, yo te fè jete yo nan dife; e tou yo te pote rejis yo, ki te genyen ekriti sen yo, e yo te jete yo nan dife a tou, pou yo te kapab boule, e pou dife a te kapab detwi yo.

9 Epi, se te konsa, yo te pran Alma ak Amilèk, yo te mennen yo kote yo t ap matirize moun yo, pou Alma ak Amilèk te kapab wè kijan dife a t ap touye moun yo.

10 Epi lè Amilèk te wè soufrans fi yo ak timoun yo ki te nan dife a, li te gen lapenn, e li te di Alma: Kòman pou nou fè rete gade yon bagay terib konsa? Se poutèt sa, an nou lonje men nou, e an nou egzèse ^apouvwa Bondye a ki nan nou an pou nou kapab sove yo anba flanm yo.

11 Men, Alma te di l: Lespri a kontrenn mwen pou m pa lonje men m, paske, Senyè a resevwa

14 1a 2 Wa 22:8-13.
GE Ekriti yo.
2a Alma 12:3-7.

b Alma 10:27.
6a Alma 15:5.
b GE Konsyans.

7a Alma 11:21-37.
b Alma 15:1.
10a Alma 8:30-31.

yo nan ^alaglwa li; epi li kite yo fè bagay sa a, oubyen pou pèp la kapab fè yo bagay sa a, dapre jan kè pèp la di, pou ^bjijman li pral egzèse sou yo nan kòlè li a kapab jis, e ^csan ^dinosan yo pral sèvi temwayaj kont yo, e pou l kriye fò kont yo nan dènnye jou a.

12 Kounyeya Amilèk te di Alma: Men, petèt y ap boule nou tou.

13 Epi, Alma te di: Se pou volontè Senyè a fèt. Men, travay nou poko fini, se poutèt sa, yo p ap boule nou.

14 Kounyeya, se te konsa, lè kò moun yo ki te nan dife a te fin boule, ak liv ki te avèk yo tou, jij anchèf peyi a te vin kanpe devan Alma ak Amilèk, pandan yo te mare, li te souflete yo avèk men l, e li te di yo: apre sa nou fin wè la, èske n ap preche pèp la ankò pou yo kapab tonbe nan yon ^alak dife ak souf?

15 O gade nou wè, nou pa gen pouvwa pou nou sove moun nou te voye nan dife yo, ni tou, Bondye pa t sove yo poutèt yo te gen menm lafwa avèk nou. Jij la te souflete yo ankò, e li te di: kisa nou di pou tèt pa nou?

16 Jij sa a te nan menm lòd ak menm lafwa avèk ^aNeyò ki te touye Jedeon an.

17 Epi, se te konsa, Alma ak Amilèk pa t reponn li; li te souflete yo ankò, e li te remèt yo nan men polisye yo pou jete yo nan prizon.

18 Epi, apre yo te fin fèmèn

nan prizon pou twa jou, anpil ^aavoka, ak jij, ak prèt, ak ens-triktè ki te menm kalite moun avèk Neyò te vini; yo te vini nan prizon an pou wè yo; moun sa yo te poze yo kesyon sou plizyè pawòl; men, Alma ak Amilèk pa t reponn yo anyen.

19 Epi, se te konsa, jij la te kanpe devan yo e li te di: Poukisa nou pa reponn pawòl pèp la? Nou pa konnen m gen pouvwa pou m jete nou nan dife? Li te kòmande yo pale, men yo pa t reponn li anyen.

20 Epi, se te konsa, yo te pati, yo t al nan wout yo, men, nan demen yo te retounen, e jij la te souflete Alma ak Amilèk ankò, e anpil moun te vin souflete yo e moun yo te di: èske n ap kanpe pou nou jije pèp sa a, e èske n ap toujou kritike lalwa nou an? Si nou gen gwo pouvwa sa a, poukisa nou pa ^adelivre tèt pa nou?

21 Epi yo te di yo anpil bagay konsa, yo te griyen dan sou yo, yo te krache sou yo e yo te di yo: Ki sa n ap sanble lè nou dane?

22 Epi, anpil bagay konsa, wi yo te di yo tout kalite pawòl konsa; yo te moke yo pandan anpil jou. Yo pa t ba yo manje pou yo te kapab grangou, ak dlo, pou yo te kapab swaf, yo te retire rad sou yo pou yo te kapab toutouni, yo te mare yo avèk kòd solid e yo te kite yo nan prizon.

23 Epi, se te konsa, lè yo te fin soufri konsa pandan anpil jou,

11a GE Glwa.
b Sòm 37:8–13;
Alma 60:13;
D&A 103:3.

GE Jistis.
c GE Matirize, mati.
d Mozya 17:10.
14a Alma 12:17.

16a Alma 1:7–15.
18a Alma 10:14; 11:20.
20a Mat. 27:39–43.

(se te douzyèm jou nan dizyèm mwa ki te nan dizyèm ane gouvenman jij yo sou tèt pèp Nefi a), jij anchèf nan peyi Amoniya a, anpil nan enstriktè yo ak avoka yo te vin nan prizon an, kote Alma ak Amilèk te mare nan kòd la.

24 Jij anchèf la te kanpe devan yo, li te souflete yo e li te di yo: Si nou gen pouvwa Bondye, delivre tèt nou anba kòd la, lè sa a, n ap kwè Senyè a gen pou l detwi pèp sa a, dapre jan nou te di a.

25 Epi, se te konsa, yo tout te ale, e yo te souflete Alma ak Amilèk, epi yo te di menm bagay la, youn apre lòt, jistan dènye a te fè kou pa l. Lè dènye a te fin pale, “pouvwa Bondye a te desann sou Alma ak Amilèk, yo te leve epi yo te kanpe sou pye yo.

26 Epi Alma te rele, li te di: Konbyen tan n ap soufri gwo “afliksyon sa yo, O, Senyè? O, Senyè ban nou fòs dapre lafwa nou gen nan Kris la pou nou kapab delivre. Epi yo te kase kòd ki te mare yo a, e lè pèp la te wè sa, yo te kòmanse kouri, paske yo te pè pou destriksyon pa t tonbe sou yo.

27 Epi, se te konsa, yo te tèlman pè, yo te tonbe atè anvan yo te rive nan pòt deyò “prizon an; tè a te tranble anpil, e miray prizon yo te fann, e yo te tonbe atè; jij anchèf la, ak avoka yo, ak prèt yo, ak enstriktè ki te souflete Alma ak Amilèk yo, yo te kraze anba miray yo.

28 Alma ak Amilèk te soti nan prizon an, e yo pa t gen anyen, paske Senyè a te ba yo pouvwa dapre lafwa yo te gen nan Kris la. Epi yo te soti nan prizon an imedyatman, yo te “chape anba kòd yo, prizon an te tonbe atè, e tout moun andedan prizon an te mouri, eksepte Alma ak Amilèk ki te soti tou dwat, e yo te antre nan vil la.

29 Kounyeya, pèp la te tande yon gwo bri, yo te vini an foul pou yo te kapab konnen kòz la. Lè yo te wè Alma ak Amilèk te sòti nan prizon an, e miray yo te tonbe atè, yon gwo lakrent te pran yo, epi yo kouri devan Alma ak Amilèk tankou lè karbit ap sove avèk pitit li devan de lyon; se konsa yo te sove devan Alma ak Amilèk.

CHAPIT 15

Alma ak Amilèk al nan Sidòm, e yo tabli yon legliz—Alma geri Zizwòm ki vini nan legliz la—Anpil moun batize, e legliz la pwospere—Alma ak Amilèk al nan Zarayemla. Anviwon 81 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, Alma ak Amilèk te gen kòmandman pou yo pati kite vil la; yo te pati e yo t ale nan peyi Sidòm nan menm; e se la yo te jwenn tout moun yo ki te kite peyi “Amoniya a, moun sa yo pèp la te ^bchase e yo te voye wòch dèyè yo, paske yo te kwè nan pawòl Alma yo.

2 Epi Alma ak Amilèk te

25a Alma 8:31.

26a Jak 5:10–11;
Mozya 17:10–20;

D&A 121:7–8.

27a Tra. 16:26; Etè 12:13.
28a Jakòb 4:6;

3 Ne. 28:19–22.

15 1a Alma 16:2–3, 9, 11.
b Alma 14:7.

rakonte yo tout sa ki te pase "madanm ak pitit yo, e yo te rakonte sa ki te rive yo ak ^bpouvwwa ki te delivre yo a.

3 Epi tou Zizwòm te kouche malad nan Sidòm, anba lafyè vè cho, akoz anpil tribilasyon ki te nan panse l poutèt "mechanste l yo, paske li te konprann Alma ak Amilèk pa t la ankò; li te konprann moun te touye yo poutèt inikite li yo. Epi gwo peche sa ak pakèt lòt peche l yo te makonnen panse l jistan li te soufri anpil, san delivrans; se poutèt sa, li te kòmanse kankannen anba chalè.

4 Kounyeya lè l te tande Alma ak Amilèk te nan Sidòm, kè l te kòmanse pran kouraj, epi li te voye yon mesaj ba yo menm lè a, pou yo te kapab vini bò kote l.

5 Epi, se te konsa, yo te obeyi mesaj li te voye a, epi yo te ale rapid. Lè yo t al lakay Zizwòm, yo te jwenn li kouche malad nan kabann li anba lafyè vè, e lespri l te toumante anpil poutèt inikite l yo. Lè l te wè yo, li te lonje men l, e li te sipliyè yo pou yo geri l.

6 Epi, Alma te pran l ak men l, e li te di l: Èske w "kwè nan sali pouvwa Kris la?

7 Epi, li te reponn pou l di: Wi, m kwè nan tout pawòl nou te ansenye yo.

8 Epi, Alma te di: Si w kwè nan redanmsyon Kris la, w ap kapab "geri.

9 Epi, li te reponn pou l di: Wi, m kwè, daprè pawòl ou yo.

10 Epi, Alma te kriye nan pye Senyè a, li di: O, Senyè Bondye, gen mizèrikòd pou nonm sa a, e "geri l daprè lafwa li gen nan Kris la.

11 Lè Alma te di pawòl sa yo, Zizwòm te "brete sou pye l, li te kanpe e li te kòmanse mache. Tout pèp la te etone anpil, e nouvèl la te gaye nan tout peyi Sidòm nan.

12 Alma te batize Zizwòm nan Senyè a, e depi lè sa a, li te kòmanse preche pèp la.

13 Alma te tabli yon legliz nan peyi Sidòm nan, e li te konsakre prèt ak enstriktè pou batize nan Senyè a, tout moun ki te vle batize.

14 Epi, se te konsa, te gen anpil, paske yo te sòti anfoul, nan tout rejyon nan peyi Sidòm nan pou yo vin batize.

15 Men tankou, pèp ki te nan peyi Amoniya a yo te toujou rete yon pèp ki gen kè di ak kou rèd; e yo pa t repanti nan peche yo, yo te di pouvwa Alma ak pouvwa Amilèk la se pouvwa dyab la; paske moun sa yo te nan menm pwofesyon avèk "Neyò, e yo pa t kwè nan repantans pou peche yo.

16 Epi, se te konsa, Alma ak Amilèk, Amilèk te "kite tout lò ak lajan ak tout bagay presye li te genyen nan peyi Amoniya a, pou pawòl Bondye a; moun ki te zanmi l yo, papa l ak fanmi l yo te ^brepose l;

17 Alma te tabli legliz la nan

2a Alma 14:8-14.

b Alma 14:28.

3a Alma 14:6-7.

6a Mak 9:23.

8a GE Geri, gerizon.

10a Mak 2:1-12.

11a Tra. 3:1-11.

15a Alma 1:2-15.

16a Lik 14:33;

Alma 10:4.

b GE Pèsekisyon, pèsekite.

Sidòm, li te wè yon gwo ^achanjman; wi, li te wè pèp la chanje lògèy ki te nan kè yo a, pou yo kòmanse gen ^bimilite devan Bondye, e pou yo kòmanse rassemble ansanm nan kay adorasyon yo, pou yo ^cadore Bondye devan lotèl, pou yo ^dveye, e pou yo priye tout tan pou yo te kapab delivre anba Satan ak ^elanmò ak destriksyon—

18 Kounyeya jan m te di a, Alma te wè tout bagay sa yo, se poutèt sa, li te pran Amilèk, li te mennen l lakay li nan peyi Zarayemla a, li te ba l swen nan tribilasyon l yo, e li te ba l fòs nan Senyè a.

19 Se konsa dizyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te pase.

CHAPIT 16

Lamanit yo detwi pèp Amoniya a—Zoram mennen Nefit yo nan viktwa sou Lamanit yo—Alma, Amilèk ak anpil lòt preche pawòl la—Yo anseye ke apre Rezirèksyon L la Kris la ap vini nan pami Nefit yo. Anviwon 81–77 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, nan senkyèm jou, dezyèm mwa ki te nan onzyèm ane gouvènman jij yo sou tèt pèp Nefi a, te gen anpil lapè nan peyi Zarayemla a, pa t gen lagè ni kontansyon pou kèk ane jouk nan senkyèm jou ki te nan dezyèm mwa, onzyèm ane a, te gen yon bri lagè ki t ap kouri nan peyi a.

2 Paske gade, lame Lamanit yo te vin bò kote dezè a, nan fwontyè peyi a, nan vil ^aAmoniya a menm, Epi yo te kòmanse touye pèp la, e yo te kòmanse detwi vil la.

3 Epi kounyeya, se te konsa, anvan Nefit yo te gen tan sanble lame pou pouse yo deyò nan peyi a, Lamanit yo te gen tan ^adetwi pèp ki nan vil Amoniya a, ak kèk moun nan fwontyè Noye a, e yo te mennen kèk lòt moun prizonye nan dezè a.

4 Kounyeya, se te konsa, Nefit yo te vle al pran moun Lamanit yo te mennen pou fè prizonye yo nan dezè a.

5 Se poutèt sa, moun yo te lonmen kapten anchèf sou tèt lame Nefit yo, (li te rele Zoram, e li te gen de pitit gason, Leyi ak Aha),—Zoram ak de pitit gason li yo te konnen Alma se gran prèt alatèt legliz la, e yo te tande Alma gen lespri pwofesi, se poutèt sa, yo t al jwenn li, e yo te vle l fè yo konnen si Senyè a vle pou yo t ale nan dezè a pou y al chèche frè yo, Lamanit yo te fè tounen prizonye.

6 Epi, se te konsa, Alma te ^apriye Senyè a konsènan kesyon an; Alma te retounen e li te di yo: Lamanit yo pral travèse rivyè Sidon an nan sid dezè a, lòtbò nan fwontyè peyi Manti a. Se la, n ap rankontre yo, nan kote lès rivyè Sidon an, e Senyè a pral delivre frè nou yo ki te prizonye nan dezè a nan men nou.

17^a Alma 16:21.
b GE Enb, imilite.
c GE Adorasyon.

d GE Priyè;
Santinèl, veye.
e GE Lanmò espiyiteyèl.

16^{2a} Alma 15:1, 15–16.
3^a Alma 9:18.
6^a Alma 43:23–24.

7 Epi, se te konsa, Zoram ak pitit gason li yo te travèse rivyè Sidon an avèk lame yo, yo te mache sou fwontyè Manti a, yo te pran direksyon sid nan dezè a ki te nan kote lès rivyè Sidon an.

8 Epi yo te tonbe sou lame Lamanit yo, Lamanit yo te gaye, e yo te kouri nan dezè a; Nefit yo te pran frè yo ki te prizonye nan dezè a anba men Lamanit yo, e pa t gen menm yon moun nan pami moun ki te tonbe nan kaptivite ki te pèdi yo. Epi frè yo te mennen yo pou yo te genyen pwòp peyi pa yo.

9 Epi se konsa onzyèm ane jij yo te fini, yo te chase Lamanit yo nan peyi a, e pèp Amoniya a te "detwi; wi, tout nanm vivan nan pami Amoniyayit yo te ^bdetwi avèk gran vil yo te di Bondye pa t kapab detwi yo, poutèt yo te twò gran.

10 Men gade, nan "yon sèl jou, li te vin vid, e chen ak bèt sovaj nan dezè a te demanbre kadav yo.

11 Men, apre anpil jou, kadav yo te anpile sou sifas tè a, yo pa t byen kouvri. Epi yo te tèlman santi, moun pa t ale pou pran peyi Amoniya a pandan anpil ane. Epi yo te rele l Dezolasyon Neyò yo, paske moun sa yo te menm kalite moun avèk "Neyò, e peyi yo a te rete vid.

12 Epi Lamanit yo pa t vin fè lagè avèk Nefit yo jouk nan katòzyèm ane gouvènman jij yo

sou pèp Nefi a. Se konsa, pèp Nefi a te gen lapè nèt pou twa-zan nan peyi a.

13 Epi Alma ak Amilèk t al preche pèp la repantans nan "tanp yo ak nan kay adorasyon yo, epi ak nan ^bsinagòg yo ki te bati dapre modèl juif yo.

14 Epi, tout moun ki te vle tandè pawòl la, yo te preche yo pawòl Bondye a tout tan, san "paspouki.

15 Se konsa, Alma ak Amilèk t ale, avèk anpil lòt ki te chwazi pou travay la, pou yo preche pawòl la, toupatou nan peyi a. Epi, legliz la te tabli toupatou nan peyi a, nan tout rejyon, nan pami tout pèp Nefit yo.

16 Epi "pa t gen inegalite nan pami yo; Senyè a te voye Lespri l nan tout peyi a pou prepare ^bkè yo pou resevwa pawòl ki pral preche nan pami yo lè l ap vini an—

17 Pou yo kapab pa fè kè di kont pawòl la, pou yo kapab pa enkredil, pou yo kapab pa detwi, men, pou yo kapab resevwa pawòl la ak lajwa, tankou yon "branch ki grefe sou bon ^bpyebwa a, pou yo kapab antre 'repo Senyè a, Bondye yo a.

18 Kounyeya, "Prèt sa yo ki t ale nan pami pèp la, yo te preche kont tout manti ak ^bdesepsyon, ak 'anvi, ak pale anpil, ak rayiman, ak jouman, ak vòlè, ak briganday, ak piyay, ak asasina, ak adiltè ak tout kalite vye peche

9a Alma 8:16; 9:18-24;

Mòm. 6:15-22.

b Alma 25:1-2.

10a Alma 9:4.

11a Alma 1:15; 24:28-30.

13a 2 Ne. 5:16.

b Alma 21:4-6, 20.

14a Alma 1:30.

16a Mozya 18:19-29;

4 Ne. 1:3.

b GE Kè brize.

17a Jakòb 5:24.

b GE Jaden Senyè a.

c Alma 12:37; 13:10-13.

18a Alma 15:13.

b GE Twonpe, twonpri.

c GE Anvi.

sal, yo te fè konnen bagay sa yo pa dwe egziste—

19 Yo te anonse bagay ki p ap pran lontan pou pase, wi, yo te pale konsènan “aparasyon Pitit Gason Bondye a, soufrans ak lanmò li, ak rezirèksyon li nan pami mò yo.

20 Epi Anpil moun te mande ki kote pitit Gason Bondye a pral vini; e yo te aprann li gen pou l “parèt devan yo ^bapre rezirèksyon li a; pèp la te tandè bagay sa a avèk anpil lajwa ak lakontanman.

21 Epi kounyeya lè legliz la te fin tabli toupatou nan peyi a—li te ranpòte “viktwa sou dyab la, pawòl Bondye a te preche san melanj nan tout peyi a, epi Senyè a te vide benediksyon l sou pèp la—se konsa katòzyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini.

Istwa pitit gason Mozya yo ki te rejte dwa yo nan wayòm nan pou yo kapab preche pawòl Bondye, epi yo t ale nan peyi Nefi a pou y al preche Lamanit yo; soufrans yo ak delivrans yo—dapre rejis Alma yo.

Depi nan chapit 17 jouk nan finisman chapit 27.

CHAPIT 17

Pitit gason Mozya yo gen Lespri

pwofesi ak Lespri revelasyon—Yo chak t ale anpil kote pou yo preche Lamanit yo—Amon ale nan peyi Ismayèl la e li tounen sèvitè Wa Lamoni—Amon sove bèt Wa Lamoni yo, epi li touye ènmi yo bò dlo Sebis a. Vèsè 1–3, anviwon 77 ANVAN JEZIKRI; vèsè 4, anviwon 91–77 ANVAN JEZIKRI; epi vèsè 5–39, anviwon 91 ANVAN JEZIKRI.

EPI, kounyeya, se te konsa, pandan Alma t ap vwayaje nan sid peyi Jedeon an, lòtbò peyi Manti a, li te sezi lè l te “ran-kontre ^bpitit gason Mozya yo ki t ap vwayaje nan peyi Zarayemla a.

2 Kounyeya, pitit gason Mozya yo te ansanm avèk Alma lè zanj la te “premye parèt devan li; se poutèt sa Alma te kontan wè frè l yo anpil; e sa ki fè l pi kontan, yo te toujou rete tankou frè l nan Senyè a; wi, yo te grandi nan konesans verite a, paske se te dèzòm entèlijan, e yo te ^bfouye ekriti yo avèk dilijans pou yo kapab konnen pawòl Bondye.

3 Men, se pa tout la sa; yo te lage kò yo nan anpil “priyè, ak jèn; se poutèt sa, yo te gen lespri pwofesi ak lespri revelasyon, e lè yo te ^bpreche, yo te preche avèk pouvwa e avèk otorite Bondye.

4 Epi, yo t ap preche pawòl Bondye a pandan katòz ane nan pami Lamanit yo, yo te gen

19a GE Jezikri—Pwofesi konsènan nesans ak lanmò Jezikri.

20a 2 Ne. 26:9;
3 Ne. 11:7–14.
b 1 Ne. 12:4–6.

21a Alma 15:17.

17 1a Alma 27:16.
b Mozya 27:34.

2a Mozya 27:11–17.
b GE Ekriti yo.
3a GE Jèn, jene;

Priyè.

b GE Ansenye, enstriktè—Anseye avèk Lespri a.

anpil ^asiksè, yo te ^bmennen anpil moun nan konesans laverite a; wi, pouvwa pawòl yo te menmen anpil moun devan lotèl Bondye a, pou yo priye l e pou yo ^ckonfese peche yo devan l.

5 Kounyeya se konsa nan vwayaj yo te ye: yo te gen anpil afliksyon; yo te soufri anpil nan kò yo ak nan panse yo, soufrans tankou grangou, swaf ak fatig ak anpil ^dtouman nan lespri yo.

6 Men jan yo te vwayaje kite peyi Zarayemla: Yo te ^epran pèmision nan men papa yo, Mozya, nan premye ane jij yo, yo te ^frefize wayòm papa yo te vle ba yo a, e se te entansyon pèp la tou;

7 Malgre sa, yo te kite peyi Zarayemla a, yo te pran epe ak lans, ak flèch, ak fistibal yo, pou yo te kapab jwenn manje nan dezè a.

8 Epi yo te pati nan dezè a avèk moun yo te chwazi yo, pou y al nan peyi Nefi a, pou yo te kapab preche Lamanit yo pawòl Bondye a.

9 Epi, se te konsa, yo te rete nan dezè a, yo te jene anpil e yo te ^gpriye anpil pou Senyè a te kapab ba yo yon pòsyon nan Lespri l pou ale avèk yo, e pou rete avèk yo, pou yo te kapab sèvi kòm ^hzouti nan men Bondye pou yo te kapab bay Lamanit yo, frè yo, konesans verite a ak konesans konsènan basès ⁱtradisyon

zansèt yo ki pa t kòrèk, si sa ta posib.

10 Epi, se te konsa, Senyè a te ^jvizite yo avèk ^kLespri l, e li te di yo: ^lkonsole nou, e yo te konsole.

11 Epi, Senyè a te di yo tou: Ale nan pami Lamanit yo, frè nou yo, tabli pawòl mwen; men, nou dwe ^mpasyan nan rezistans ak afliksyon, pou nou kapab sèvi bon egzanp pou yo nan non mwen, e m ap fè nou sèvi kòm zouti nan men mwen pou m kapab sove anpil nanm.

12 Epi, se te konsa, kè pitit gason Mozya yo ak moun ki te ansanm avèk yo te pran kouraj pou y al pibliye pawòl Bondye a bay Lamanit yo.

13 Epi, se te konsa, lè yo te rive sou fwontyè peyi Lamanit yo, yo te ⁿsepare e yo te pati, youn te kite lòt, avèk konfyans nan Senyè a, yo te kapab rankontre ankò lè yo fini ^orekòt la, paske yo te sipoze travay yo te kòmanse a te gwo anpil.

14 Epi, asireman li te gwo anpil, paske yo te pran responsablite pou yo preche pawòl Bondye bay yon pèp ^psovaj, ki gen kè di, epi ki fewòs; yon pèp ki te pran plèzi pou l touye Nefit yo, pou vòlè ak piye yo, kè yo te sou larichès, oubyen, sou lò ak lajan ak bijou ki chè; e yo te vle jwenn bagay sa yo nan touye moun ak piyay pou yo

4a Alma 29:14.

b GE Travay misyonè.

c GE Konfese, konfesyon.

5a Alma 8:10.

6a Mozya 28:1, 5-9.

b Mozya 29:3.

9a Alma 25:17.

GE Priyè.

b Mozya 23:10; Alma 26:3.

c Alma 3:10-12.

10a D&A 5:16.

b GE Sentespri.

c Alma 26:27.

11a Alma 20:29.

GE Pasyans.

13a Alma 21:1.

b Mat. 9:37.

14a Mozya 10:12.

kapab pa travay avèk men pa yo.

15 Konsa, se te yon pèp reyèlman endolan, anpil ladan yo te adore zidòl, epi “malediksyon Bondye te tonbe sou yo poutèt ^btradisyon zansèt yo; malgre pwomès Senyè a te fè yo si yo ta repanti.

16 Se poutèt sa, se sa ki te “lakòz pitit gason Mozya yo te pran travay la nan men, pou yo te kapab mennen Lamanit yo nan repantans; pou yo te kapab fè yo konnen plan redanmsyon an.

17 Se poutèt sa, yo te separe youn ak lòt, e yo t ale nan pami Lamanit yo, chak moun pou kont li, daprè pawòl ak pouvwa Bondye yo te resevwa a.

18 Kounyeya, Amon te chèf nan pami yo, oubyen se li ki te antrene yo, e li te pati kite yo apre l te fin “beni yo daprè direksyon yo chak te gen pou yo pran, li te ba yo pawòl Bondye a, oubyen, li te òganize yo anvan l pati, e yo te kòmanse vwayaje nan tout peyi a.

19 Epi, Amon t ale nan peyi Ismayèl la, peyi a te gen non sa a, daprè pitit gason “Ismayèl yo ki se desandan Lamanit yo tou.

20 Epi lè Amon te antre nan peyi Ismayèl la, Lamanit yo te pran l, e yo te mare l menm jan yo te toujou konn mare Nefit ki tonbe anba men yo, pou yo mennen yo devan wa a; se konsa wa a te gen dwa touye yo, fè yo prizonye, oubyen jete yo nan prizon, oubyen mete yo deyò nan peyi a, daprè jan l te vle.

21 Se konsa, yo te mennen Amon devan wa ki te alatèt peyi Ismayèl la; wa a te rele Lamoni, li te desandan Ismayèl.

22 Epi Wa a te mande Amon si l vle rete nan pami Lamanit yo oubyen nan pami pèp li a.

23 Epi, Amon te di l: M vle rete nan pami pèp sa a pou kèk tan; wi, petèt jistan m mouri.

24 Epi, se te konsa, wa Lamoni te kontan avèk Amon, e li te fè yo demare l, e li te vle pou Amon ta marye avèk youn nan pitit fi l yo.

25 Men, se te konsa, Amon te di l: Non, m vle tounen sèvitè w. Se poutèt sa, Amon te tounen sèvitè wa Lamoni: Epi, yo te mete l nan pami lòt sèvitè ki t ap gade twoupo bèt Lamoni yo, daprè koutim Lamanit yo.

26 Epi apre twazyèm jou l te nan sèvis wa a, pandan li te avèk sèvitè ki te nan wout avèk bèt yo, pou y al nan dlo ki te rele dlo Sebis a; kote tout Lamanit yo te konn mennen bèt yo ale bwè dlo a—

27 Se poutèt sa, pandan Amon ak sèvitè wa yo t ap mennen bèt yo kote ki gen dlo a, te gen anpil Lamanit ki te vin bay bèt yo dlo; yo te kanpe e yo te gaye twoupo bèt Amon yo ak sèvitè wa yo; yo te gaye yo tèlman, bèt yo te kouri tout kote.

28 Kounyeya, sèvitè wa yo te kòmanse plenyen, yo di: Kounyeya, wa a pral touye nou menm jan li te touye frè nou yo, poutèt mechanste nonm sa yo ki te gaye bèt yo. Yo te kòmanse

15a Alma 3:6–19;
3 Ne. 2:15–16.

b Alma 9:16–24; 18:5.
16a Mozya 28:1–3.

18a GE Benediksyon, beni.
19a 1 Ne. 7:4–6.

kriye anpil, yo di: Gade, bèt nou yo deja gaye.

29 Yo te kriye paske yo te pè mouri. Lè Amon te wè sa, kè l te ranpli ak lajwa, e li te di: M ap montre sèvitè parèy mwen yo pouvwa m, oubyen pouvwa ki nan mwen an, pou m kapab retounen twoupo bèt sa yo bay wa a, pou m kapab touche kè sèvitè parèy mwen yo, pou m kapab fè yo kwè nan pawòl mwen yo.

30 Epi se konsa, Amon te panse, lè l te wè afliksyon moun sa yo li konsidere kòm frè l yo.

31 Epi, se te konsa, li te flate yo avèk pawòl li, li di yo: Frè m yo, pran kouraj, an n al chèche bèt yo pou nou rasanble yo ansanm, e pou nou retounen yo nan dlo a, e n ap prezève bèt wa a pou l pa touye nou.

32 Epi, se te konsa, yo t al chèche bèt yo; yo te suiv Amon, yo te kouri anvitès, yo te sènen bèt wa yo, e yo te rasanble yo ansanm nan kote ki te gen dlo a.

33 Epi, moun yo te kanpe ankò pou gaye bèt yo, men, Amon te di frè l yo: Bare bèt yo pou yo pa kouri, epi m pral goumen avèk moun ki gaye bèt nou yo.

34 Konsa yo te fè sa Amon te di a e Amon t al kanpe pou l goumen avèk moun yo ki te kanpe bò kote dlo Sebis a, epi yo te anpil.

35 Konsa yo pa t pè Amon paske yo te konprann youn ladan yo te kapab touye l jan yo vle, paske yo pa t konnen si Senyè a te pwomèt Mozya pou l "delivre pitit gason l yo anba

men yo; ni tou, yo pa t konnen anyen nan zafè Senyè a; se pou-tèt sa, yo te pran plèzi pou yo ta wè frè yo detwi, e yo te kanpe pou yo gaye bèt wa a.

36 Men, "Amon te kanpe e li te kòmanse voye wòch sou yo avèk fistibal li a; wi, li te voye wòch sou yo avèk anpil fòs; li tèlman te touye yon ^bkantite nan pami yo, yo te kòmanse etone lè yo te wè pouvwa l; men, yo te move paske frè yo te mouri, e yo te deside jete Amon atè. Lè yo te wè yo 'pa t kapab frape l avèk wòch yo, yo te vini avèk baton pou yo touye l.

37 Men gade, chak moun ki te leve baton l pou l frape Amon, Amon te koupe ponyèt yo avèk epe li a; li te pare kou yo avèk lam epe a, li te koupe ponyèt yo tèlman, yo te etone, e yo te kòmanse kouri devan l; wi, e yo pa t yon ti kras, men, li te fè yo kouri avèk fòs ponyèt li.

38 Sis ladan yo te tonbe anba kout wòch fistibal, men, li pa t koupe tèt yo youn, eksepte chèf la, e li te koupe ponyèt tout moun ki te leve men kont li, e yo te anpil.

39 Epi lè l te fin pouse yo byen lwen, li te retounen, yo te bay bèt yo dlo, e yo te mennen bèt yo tounen nan patiraj wa a; apre sa, yo t al jwenn wa a, yo te pote ponyèt moun Amon te koupe avèk epe l yo bay wa a, ponyèt moun sa yo ki te vle touye l la, e yo te pote yo bay wa a pou sèvi kòm temwen pou bagay yo te fè yo.

35a Mozya 28:7;
Alma 19:22–23.

36a Etè 12:15.
b Alma 18:16.

c Alma 18:3.

CHAPIT 18

Wa Lamoni konprann Amon se Gran Lespri a—Amon preche wa a konsènan Kreyasyon an, konsènan relasyon Bondye avèk lèzòm, epi konsènan redanmsyon k ap vini pa mwayen Kris la—Lamoni kwè, epi li tonbe atè a tankou l te mouri. Anviwon 90 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, wa Lamoni te fè sèvitè l yo vini pou yo temwaye tout sa yo te wè konsènan sityasyon an.

2 Epi lè yo tout te temwaye konsènan sa yo te wè, epi wa a te vin konnen Amon te pwoteje bèt li yo avèk fidelite, ak gwo pouvwa li te genyen pou l goumen avèk moun ki te vle touye l yo, wa a te etone anpil, epi li te di: Tout bon, sa plis pase yon nonm. Ou kwè se pa gran Lespri ki te voye gwo malediksyon sa a sou pèp la poutèt asasina yo te fè yo?

3 Epi, yo te reponn wa a, e yo te di: Nou pa konnen si li se yon gran Lespri oubyen si li se yon nonm, men, nou sèlman konnen ènmi wa yo "pa kapab touye l, ni tou, yo pa kapab gaye bèt wa yo lè l avèk nou, poutèt ladrès ak pakèt fòs li; se poutèt sa, nou kwè li se zanmi wa a. Epi kounyeya o, Wa, nou pa konnen yon nonm kapab gen gwo pouvwa sa a, paske nou konnen li pa kapab mouri.

4 Epi kounyeya, lè wa a te tandè bagay sa yo, li te di yo: Kounyeya, m konnen se gran Lespri a; li te desann pou l vin

sove lavi nou, pou m kapab pa "touye w menm jan m te touye frè w yo. Se gran Lespri zansèt nou yo t ap pale a.

5 Se te tradisyon Lamoni te resevwa nan men papa l, papa l te di l gen yon gran Lespri. Malgre yo te kwè nan yon "gran Lespri, yo te konprann tout sa yo fè te bon; men Lamoni te kòmanse pè anpil pou se pa t peche l te fè lè l te touye sèvitè l yo;

6 Paske li te touye anpil ladan yo poutèt frè yo te gaye bèt yo bò kote dlo a; se konsa yo te mouri poutèt bèt yo te gaye.

7 Lamanit yo te gen abitud kanpe bò kote dlo ki te rele Sebis a pou yo dispèse bèt pèp la, pou yo te kapab trennen anpil nan bèt ki dispèse yo nan peyi pa yo; se yon fason yo te konn fè pou yo piye.

8 Epi, se te konsa, wa Lamoni te mande sèvitè l yo: Kote nonm ki gen pouvwa sa a?

9 Epi, yo te di l: L ap bay cheval ou yo manje. Kounyeya anvan sèvitè yo t al bay bèt yo bwè dlo, wa a te kòmande yo pou yo prepare cheval ak charyo li yo, pou yo mennen l nan peyi Nefi a, paske papa Lamoni, ki te wa nan peyi Nefi a, te ba l randevou pou yon gwo fèt nan tout peyi a.

10 Kounyeya lè wa Lamoni te tandè Amon t ap prepare cheval ak charyo l yo, li te pi etone, poutèt fidelite Amon, li te di: Tout bon pa janm gen sèvitè nan pami tout sa m genyen yo ki fidèl tankou nonm sa a, paske,

18 3a Alma 17:34-38.
4a Alma 17:28-31.

5a Alma 19:25-27.
GE Bondye, Divinite.

li sonje tout kòmandman m yo pou l egzekite yo.

11 Kounyeya, m konnen tou se gran Lespri a, e m vle pou l ta vin kote m; men, m p ap pran chans.

12 Epi, se te konsa, lè Amon te fin prepare cheval ak charyo pou wa a ak sèvitè li yo, li t al jwenn wa a, Epi li te wè figi wa a chanje; se poutèt sa, li ta pral retounen sòti nan prezans wa a.

13 Epi, youn nan sèvitè wa a te di l: Rabana, ki siyifi, wa plen pouvwa, oubyen gran wa, yo te konsidere wa yo a plen pouvwa, e li di l Rabana, wa a vle w rete.

14 Se poutèt sa, Amon te retounen al jwenn wa a e li di l: Kisa w vle m fè pou ou, O, Wa? Epi, wa a pa t reponn li pou yon peyòd inèditan, dapre sistèm lè yo te genyen an, paske li pa t konnen kisa pou l te di l.

15 Epi, se te konsa, Amon te di l ankò: Kisa w vle m fè pou ou? Men wa a pa t reponn li.

16 Epi, se te konsa, Amon te ranpli avèk Lespri Bondye, se poutèt sa, li te sispèk ^apanse wa a, e li di l: Èske se poutèt ou tande m te defann sèvitè w yo ak bèt ou yo, paske m te touye sèt nan frè sèvitè w yo avèk fistibal e avèk epe a, e paske m te koupe ponyèt kèk lòt pou m te kapab defann bèt ou yo ak sèvitè w yo; èske se sa ki fè w sezi?

17 M mande w, poukisa ou sezi konsa? M se yon nonm, e m se sèvitè w, se poutèt sa, nenpòt sa ou vle, ki bon, m ap fè l pou ou.

18 Kounyeya, lè wa a te tande pawòl sa yo, li te etone ankò, paske li te wè Amon te kapab ^akonnen panse l; men, malgre sa, wa Lamoni te louvri bouch li, e li te di l: Kiyès ou ye? Èske w se gran Lespri ki ^bkonnen tout bagay yo?

19 Amon te reponn, epi li te di l: Non, se pa mwen.

20 Epi, wa a te di: Kòman w fè konnen sa ki nan kè m? Pale kareman, pale m konsènan bagay sa yo, e di m avèk ki pouvwa w te touye e w te koupe ponyèt frè m yo ki te gaye bèt mwen yo—

21 Epi si w di m bagay sa yo, m ap ba w nenpòt sa w mande m, e si se ta nesesè, m t ap pwoteje w avèk lame m yo, men, m konnen w pi fò pase yo tout; men, nenpòt sa w vle nan men m, m ap ba w l.

22 Kounyeya, Amon ki te saj, men, inofansif, li te di Lamoni: Èske w ap koute pawòl mwen si m di w avèk ki pouvwa m te fè bagay sa yo? Se sa m vle nan men w.

23 Wa a te reponn li, e li te di: Wi, m ap kwè tout sa w di. Se konsa, wa a te pran l nan fent.

24 Amon te kòmanse pale avèk li ^akareman, e li te di l: Èske w kwè gen yon Bondye?

25 Li te reponn, e li te di l: M pa konnen kisa sa vle di.

26 Epi, Amon te di: Èske w kwè gen yon gran Lespri?

27 Epi, li te di, wi.

28 Epi Amon te di: Se Bondye. Epi, Amon te di l ankò: Èske w

16a Alma 12:3.

18a GE Disènman, Don.

^b GE Bondye, Divinite.

24a Alma 38:12.

kwè gran Lespri sa a, ki se Bondye a te kreye tout bagay ki nan syèl ak sou tè a?

29 Epi, li te di: Wi, m kwè li te kreye tout bagay ki sou tè a, men m pa konnen syèl la.

30 Epi, Amon te di l: Syèl la se kote Bondye rete avèk tout zanj ki sen li yo.

31 Epi, wa Lamoni te di: Èske syèl la anlè tè a?

32 Epi, Amon te di: Wi, e l ap gade anba sou tout pitit lèzòm, e li konnen tout “panse ak entansyon ki nan kè yo; paske, se avèk men l yo te kreye depi nan kòmmanman.

33 Epi, wa Lamoni te di: M kwè tout bagay ou di yo; èske w te sòti kote Bondye?

34 Amon te di l: M se yon moun, e “moun te kreye depi nan kòmmanman, dapre imaj Bondye, e Lespri Sen li an te rele m pou m ^bpreche pèp ou a bagay sa yo, pou yo kapab konnen sa ki jis ak sa ki vre;

35 Epi yon pòsyon nan “Lespri sa a rete nan mwen, ki ban m ^bkonesans ak pouvwa dapre lafwa ak volonte m genyen nan Bondye.

36 Kounyeya, lè Amon te di pawòl sa yo, li te kòmanse nan kreyasyon mond lan ak kreyasyon Adan, Epi li te di l tout bagay konsènan chit lòm nan, li te “rakonte l e li te mete rejis yo ak ^bekriti pèp la devan l, ekriti “pwofèt yo te pale yo, jouk nan

lè papa yo, Leyi, te kite Jerizalèm nan.

37 Epi, li te rakonte yo tou (paskè se te wa a ak sèvitè l yo), tout vwayaj zansèt yo nan dezè a, tout soufrans grangou, ak swaf, ak traka yo, eksetera.

38 Epi, li te pale yo konsènan rebelyon Laman, ak Lemyèl ak pitit gason Ismayèl yo; wi, li te rakonte yo tout rebelyon yo te fè, e li te pale yo konsènan tout rejis ak ekriti depi lè Leyi te kite Jerizalèm, jouk nan tan kounyeya.

39 Men, se pa tout; li te pale yo konsènan “plan redanmsyon an, ki te prepare depi nan fondasyon mond lan; li te fè yo konnen konsènan Kris la ki gen pou l vini an, e li te fè yo konnen tout travay Senyè a.

40 Epi, se te konsa, lè l te fin di tout bagay sa yo, e li te fin ekspoze yo devan wa a, wa a te kwè nan pawòl li yo.

41 Epi, li te kòmanse kriye nan pye Senyè a, li di: O, Senyè gen mizèrikòd, dapre jan ou te fè pèp Nefi a gen “mizèrikòd avèk abondans la; gen mizèrikòd pou mwen ak pèp mwen an.

42 Epi kounyeya, lè l te fin di sa, li te tonbe atè tankou l te mouri.

43 Epi, se te konsa, sèvitè l yo te pran l, e yo te pote l bay madanm li, e yo te mete l kouche sou yon kabann; li te kouche tankou l te mouri pou de jou ak

32a Amòs 4:13;
3 Ne. 28:6;
D&A 6:16.

34a Mozya 7:27;
Etè 3:13–16.
b GE Ansenye,

enstriktè—Anseye
avèk Lespri a.
35a GE Enspirasyon,
enspire.
b GE Konesans.
36a Mozya 1:4;

Alma 22:12; 37:9.
b GE Ekriti yo.
c Tra. 3:18–21.
39a GE Plan redanmsyon.
41a GE Mizèrikòd.

de nuit; e madanm ak pitit gason ak pitit fi l yo te kriye, jan Lamani yo konn fè a, yo te kriye anpil pou lanmò li.

CHAPIT 19

Lamoni resevwa limyè lavi etènèl la, epi li wè redanmtè a—Tout moun ki te rete lakay li yo, te tonbe anba yon trans e anpil ladan yo wè zanj yo—Amon te epaye pa mirak—Li batize anpil moun epi li tabli yon legliz nan pami yo. Anviwon 90 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, apre de jou ak de nuit, yo ta pral pran kò l pou y al mete l nan yon tonm yo te fè pou yo antere moun ki mouri.

2 Kounyeya, rèn nan ki te tande anpil pawòl sou renome Amon, se poutèt sa, li te voye chèche Amon pou l te vin kote l.

3 Epi, se te konsa, Amon te fè jan yo te kòmande l la, e li t al jwenn rèn nan pou l te kapab konnen kisa rèn nan te vle.

4 Epi, rèn nan te di l: Sèvitè mari m yo te fè m konnen ou se "pwofèt yon Bondye ki sen, e w gen pouvwa pou w fè anpil gwo bagay nan non l;

5 Se poutèt sa, si se vre, m ta vle pou w al gade mari m, paske li kouche nan kabann li depi de jou ak de nuit; e gen moun ki di li pa mouri, men gen moun ki di li mouri, li santi e yo dwe mete l nan tonm; men, pou tèt pa m, m pa wè l santi.

6 Kounyeya, se sa Amon te vle, paske li te konnen wa Lamoni

te anba pouvwa Bondye; li te konnen "vwal enkredil fènwa a te efase nan panse l, e ^blimyè ki klere panse l la, se limyè laglwa Bondye a ki se yon limyè ekstraòdinè nan bonte Bondye—wi, limyè sa a te tèlman voye lajwa nan nanm li, nyaj tenèb yo te efase, e limyè lavi pou tout tan an te klere nanm li; wi, li te konnen, li te pran pouvwa sou kò natirèl li, e li te anpòte l jouk nan Bondye.

7 Se poutèt sa, sa rèn nan te vle nan men l la, se te sèlman sa Amon te vle tou; se poutèt sa, li t al wè wa a daprè jan rèn nan te mande l la; li te wè wa a, e li te konnen li pa t mouri.

8 Epi, li te di rèn nan: Li pa mouri, men, l ap dòmi nan Bondye, e demen, li pral leve; se poutèt sa, pa antere l.

9 Epi, Amon te di l: Èske w kwè bagay sa a? Epi, li te di Amon: M pa gen okenn temwen, eksepte pawòl ou ak pawòl sèvitè nou yo; men, m kwè sa va pase jan ou di l la.

10 Epi, Amon te di l: Ou beni poutèt anpil lafwa w genyen; m di w, madanm, pa t janm gen yon gwo "lafwa konsa nan pami tout pèp Nefit yo.

11 Èpi, se te konsa, li te veye devan kabann mari li a, depi lè sa a, jouk lè Amon te di li t ap reveye nan demen.

12 Epi, se te konsa, li te leve daprè jan Amon te di a, e pandan li t ap leve a, li te lonje men l bay fi a, e li te di: se pou non Bondye beni e se pou ou beni tou.

19 4a GE Pwofèt.
6a 2 Kor. 4:3-4.

GE Vwal.
b GE Limyè, limyè Kris.

10a Lik 7:9.
GE Lafwa.

13 Paske, menm jan ou vivan gade, m te wè Redanmtè m nan; li pral vini, epi yon ^afi pral ba l ^bnesans, Epi li pral rachte tout moun ki kwè nan non l. Lè l te fin di pawòl sa yo, kè l te gonfle andedan l, e li te nwaye anba lajwa; e rèn nan te nwaye anba lajwa tou; Lespri a te anvayi l.

14 Kounyeya, paske Amon te wè Lespri Senyè a desann, dapre ^alapriyè li, sou Lamanit yo, frè l yo, ki te lakòz tout kriye sa a nan pami Nefit yo, oubyen nan pami tout pèp Bondye a, poutèt inikite ak ^btradisyon zansèt yo, Amon te mete l ajenou, e li te kòmanse louvri nanm li nan lapriyè ak remèsiman li devan Bondye poutèt sa li te fè pou frè l yo; ^alajwa te anvayi l, epi tou lè twa te ^atonbe atè a.

15 Kounyeya, lè sèvitè wa yo te wè sa a yo te tonbe, yo te kòmanse kriye nan pye Bondye tou, lakrent Senyè a te tonbe sou yo tou, paske se ^ayo menm ki te kanpe devan wa a pou yo temwaye konsènan gwo pouvwa Amon an.

16 Epi, se te konsa, yo te rele non Senyè a avèk fòs jistan yo tout te tonbe atè, eksepte yon sèl fi Lamanit ki te rele Abich; li te konvèti nan Senyè a pandan anpil ane, apre li te fè yon vizyon remakab konsènan papa l—

17 Konsa, li te konvèti nan Senyè a; e li pa t janm kite moun konn sa; men, lè l te wè tout

sèvitè Lamoni yo tonbe atè, ak metrès li, rèn nan, ak wa a, ak Amon ki te postène atè a, Abich te konnen se te pouvwa Bondye; e li te sipoze sa ta kapab yon opòtinite pou l fè pèp la konnen sa k pase nan pami yo, e lè pèp la wè bagay sa a, sa ta kapab ^alakòz yo kwè nan pouvwa Bondye, se poutèt sa, li te kouri nan chak kay pou l fè pèp la konnen nouvlè la.

18 Epi, yo te kòmanse rasanble ansanm lakay wa a. Epi anpil moun te vini, e yo te etone, lè yo te wè wa a, ak rèn nan ak sèvitè yo postène atè a, e yo tout te kouche tankou yo te mouri; yo te wè Amon tou, epi yo te wè li sete yon Nefit.

19 Kounyeya, pèp la te kòmanse plenyen; genyen ladan yo ki te di, se yon gwo malè ki tonbe sou yo oubyen sou wa a, ak lakay li, paske li te kite Nefit yo ^arete nan peyi a.

20 Men, gen lòt ki te rele dèyè yo, ki te di: Wa a te rale malè sa a sou tèt kay li paske li te touye sèvitè l yo ki te gen bèt yo gaye nan ^adlo Sebis a.

21 Epi, moun ki te kanpe bò dlo Sebis a, pou ^agaye bèt wa yo, te repwoche yo, paske yo te fache kont Amon, poutèt anpil frè yo ki te mouri bò dlo Sebis a, lè Amon t ap pwoteje bèt wa yo.

22 Kounyeya youn ladan yo te gen yon frè ki te ^amouri anba epe Amon; li te tèlman fache

13a 1 Ne. 11:13–21.

^b GE Jezikri—Pwofesi konsènan nesans ak lanmò Jezikri.

14a D&A 42:14.

^b Mozya 1:5.

^c GE Jwa.

^d Alma 27:17.

15a Alma 18:1–2.

17a Mozya 27:14.

19a Alma 17:22–23.

20a Alma 17:26; 18:7.

21a Alma 17:27; 18:3.

22a Alma 17:38.

kont Amon li te rale epe l pou l te kapab plonje l anndan Amon pou l touye l; e pandan l t ap leve epe a pou l pike Amon, li te tonbe, e li te mourì.

23 Kounyeya, nou wè tout bon, moun pa t kapab touye Amon, paske “Senyè a te di Mozya ki te papa Amon: M ap epaye l e m ap fè sa pou li daprè lafwa w— Se poutèt sa, Mozya te ^bkonfyè l nan men Senyè a.

24 Epi, se te konsa, lè pakèt moun yo te wè nonm ki te leve epe l pou l touye Amon an te tonbe l mourì, lakrent te anvayi yo, e yo pa t pran chans leve men yo pou touche Amon ni okenn nan moun ki te atè a; e yo te kòmanse ap mande youn lòt, kisa ki lakòz yon pouvwa konsa, oubyen kisa tout bagay sa yo te vle di.

25 Epi, se te konsa, gen anpil nan pami yo ki te di Amon se “Gwo Lespri a, e gen lòt ki te di, Gwo Lespri a te voye l.

26 Men, gen lòt ki te rele dèyè yo, e ki te di, Amon se yon demon Nefit yo te voye pou toumante yo.

27 Epi, te gen lòt ankò ki te di, Gwo Lespri a te voye Amon pou chatye yo poutèt inikite yo, epi se te Gwo Lespri a ki te toujou ansanm avèk Nefit yo, ki te konn delivre Nefit yo anba men yo, epi yo te di se te Gwo Lespri sa a ki te detwi tou anpil moun sa yo nan pami Lamanit yo.

28 Se konsa te kòmanse gen gwo chirepit nan pami yo. Pandan yo t ap pale anpil, “bòn ki t al rele pakèt moun sa yo te vin parèt; lè l te wè chirepit sa a, li te tèlman gen latristès, dlo te koule nan je l.

29 Epi, se te konsa, li t ale, li pran rèn nan nan men, pou l eseye leve l atè a; menm lè l te touche men rèn nan, rèn nan te leve kanpe sou pye l, e li te di byen fò: O, beni non Jezi ki sove m anba lanfè “terib la! O, Bondye, ou beni, pran ^bpitye pou pèp sa a!

30 Epi, lè l te fin di sa, li te bat men l, li te chaje ak lajwa, li te di anpil pawòl moun pa t konprann, e lè l te fin fè sa, li te pran men wa Lamoni, e wa Lamoni te leve kanpe sou pye l.

31 Epi, imedyatman wa Lamoni te wè chirepit la nan pami pèp li a, li te kòmanse repwoche yo, e li te kòmanse preche yo “pawòl li te tandè nan bouch Amon yo, e tout moun ki te tandè pawòl li yo te kwè, e yo te konvèti nan Senyè a.

32 Men, te gen anpil ladan yo ki pa t vle koute pawòl li yo; se poutèt sa, yo te fè wout pa yo.

33 Epi, se te konsa, lè Amon te leve, li te preche yo tou, tout sèvitè Lamoni yo te preche yo tou; yo tout te rakonte pèp la menm bagay—yo te di kè yo te “chanje, yo pa t vle fè anyen ki ^bmal ankò.

34 Epi gade anpil ladan yo te

23a Mozya 28:7;

Alma 17:35.

^b GE Konfyans, konfyè.

25a Alma 18:2–5.

28a Alma 19:16.

29a 1 Ne. 14:3.

^b GE Mizèrikòd.

31a Alma 18:36–39.

33a GE Fèt ankò, fèt

nan Bondye.

^b Mozya 5:2;

Alma 13:12.

di pèp la yo te wè “zanj yo ki te pale avèk yo; konsa, zanj yo te pale yo pawòl Bondye a ak lajistis li.

35 Epi, se te konsa, te gen anpil ki te kwè nan pawòl li yo e tout moun ki te kwè, te “batize; yo te vin tounen yon pèp ki te jis, epi yo te tabli yon legliz nan pami yo.

36 Se konsa travay Senyè a te kòmanse nan pami Lamanit yo, konsa, Senyè a te kòmanse vide Lespri l sou yo; nou wè men li lonje bay tout “moun ki ta repanti e ki ta kwè nan non li.

CHAPIT 20

Senyè a voye Amon Midoni pou l delivre frè l yo nan prizon—Amon ak Lamoni rankontre papa Lamoni ki wa alatèt peyi a—Amon fòse wa, ki gran moun nan, pou l aksepte lage frè l yo. Anviwon 90 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, lè yo te fin tabli yon legliz nan peyi a, wa Lamoni te vle Amon ale nan peyi Nefi a avèk li, pou l te kapab montre papa l Amon.

2 Epi, Senyè a te fè Amon tande vwa l, ki di: Piga w ale nan peyi Nefi a, paske wa a ap vle touye w; men, ale nan peyi Midoni an; paske, frè w yo, Aawon ak Mikloki ak Ama nan prizon.

3 Kounyeya, lè Amon te tande bagay sa a, li te di Lamoni: Frè m yo nan prizon Midoni; m prale pou m kapab delivre yo.

4 Kounyeya, Lamoni te di Amon: M konnen ou kapab fè tout bagay pa mwayen “fòs Senyè a. Men, m prale nan peyi Midoni an avèk ou; paske, wa peyi Midoni an, ki rele Antyomno, se yon zanmi m, se pou tèt sa, m prale nan peyi Midoni an pou m kapab flate wa peyi a, e l ap wete frè w yo nan ^bprizon. Epi, Lamoni te di l: Kiyès ki te di w, frè w yo nan prizon?

5 Epi, Amon te di l: Pèsonn pa t di m, eksepte Bondye; Bondye menm te di m sa—ale delivre frè w yo, paske yo nan prizon nan peyi Midoni an.

6 Kounyeya, lè Lamoni te tande bagay sa a, li te fè sèvitè l yo pare “cheval li yo ak charyo li yo.

7 Epi, li te di Amon: Vini, m prale avèk ou nan peyi Midoni an, e lè m rive, m ap plede avèk wa a pou l kapab wete frè w yo nan prizon.

8 Epi, se te konsa, pandan Amon ak Lamoni t ap vwayaje, yo te rankontre papa Lamoni ki wa “alatèt tout peyi a.

9 Epi gade, papa Lamoni te di l: Poukisa w pa t vin nan “fèt la jou sa a, lè m te fè yon gwo fèt pou pitit mwen yo ak pèp mwen an?

10 Epi, li te di tou: Kote w prale avèk Nefit sa a, ki se youn nan pitit gason “mantè yo?

11 Epi, se te konsa, Lamoni te di l kote l ta prale pou l pa ofanse l.

12 Epi, li te di l tout rezon ki te

34a GE Zanj yo.

35a GE Batèm, batize.

36a 2 Ne. 26:33;
Alma 5:33.

20 4a Alma 26:12.

b Alma 20:28–30.

6a Alma 18:9–10.

8a Alma 22:1.

9a Alma 18:9.

10a Mozya 10:12–17.

fè l rete nan wayòm li, ki te anpeche l ale nan fèt papa l t ap fè a.

13 Kounyeya, lè Lamoni te fin di papa l tout bagay sa yo, li te etone pou l wè papa l fache kont li, papa l te di: Lamoni, ou pral delivre Nefit sa yo ki se pitit gason yon mantè. Li te vòlè zansèt nou yo; e kounyeya, pitit li yo vini nan pami nou pou yo kapab twonpe nou nan mèt-dam, pou yo kapab vòlè zafè nou tou.

14 Kounyeya, papa Lamoni te kòmande l pou l touye Amon avèk epe l. Li te kòmande l tou pou l pa t ale nan peyi Midoni an, men, pou l te retounen nan peyi “Ismayèl la avèk li.

15 Men, Lamoni te di l: M p ap touye Amon, ni tou, m p ap retounen nan peyi Ismayèl la, men, m prale nan peyi Midoni an pou m kapab lage frè Amon yo, paske m konnen yo se moun ki jis epi ki sen, yo se pwofèt vrè Bondye a.

16 Kounyeya, lè papa l te tandepawòl sa yo, li te fache kont li, e li te rale epe l pou l kapab pike l epi touye l.

17 Men, Amon te avanse epi l te di l: Pa touye pitit gason w nan; menm si l t ap “pi bon pou l mouri pase pou w ta mouri, paske li te ^brepanti nan peche l yo; men, si w ta mouri kounyeya, nan kòlè w, nanm ou pa t ap sove.

18 epi anplis, li nesèsè pou w desann men ou, paske si w ta “touye pitit gason w nan, ki se yon nonm inosan, san l t ap

kriye sòti nan tè a pou monte al kote Senyè Bondye li a, pou vanjans kapab tonbe sou ou, e petèt ou ta kapab pèdi ^bnanm ou.

19 Kounyeya, lè Amon te di l bagay sa yo, li te reponn Amon, li te di: M konnen si m ta touye pitit gason m nan, m t ap koule san inosan; men se ou menm ki te vle detwi l.

20 Epi, li te tire ponyèt li pou l touye Amon; men, Amon te reziste devan kou li yo, Epi tou, Amon te frape ponyèt li, pou l pa t kapab sèvi avè l.

21 Kounyeya, lè wa a te wè Amon te kapab touye l, li te kòmanse priye Amon pou l te kapab epaye lavi l.

22 Men, Amon te leve epe l, e li di l: M ap touye w si w pa fè frè m yo sòti nan prizon.

23 Kounyeya, wa a te pè pou l pa pèdi lavi l, li te di: Si w epanye lavi m, m ap ba w nenpòt sa w ta mande, menm, mwatye nan wayòm mwen an.

24 Kounyeya, lè Amon te wè l te gen pouvwa sou wa ki granmoun nan jan l te vle, li te di: Si w fè frè m yo sòti nan prizon, e w kite Lamoni kenbe wayòm li a, si w pa fache kont li, e si w kite l aji daprè volonte pa l nan “nenpòt sa l panse, lè sa a m ap epaye w; si se pa sa, m ap touye w.

25 Kounyeya, lè Amon te fin di pawòl sa yo, wa a kòmanse rejwi paske li te vivan.

26 Lè l te wè Amon pa t vle touye l, e lè l te wè jan Amon te renmen pitit gason li a, Lamoni,

14a Alma 17:19.
17a Alma 48:23.

b Alma 19:12–13.
18a GE Ansasen.

b D&A 42:18.
24a Alma 21:21–22.

li te etone anpil, e li te di: Paske se sa sèlman ou vle, m ap lage frè w yo, m ap kite pitit gason m nan, Lamoni kenbe wayòm li a, m ap aksepte pou pitit gason m nan kenbe wayòm li a depi kounyeya, pou tout tan, e m p ap jan m pase l lòd ankò—

27 M ap fè frè w yo sòti nan prizon an pou w, e w menm ak frè w yo kapab vin jwenn mwen, nan wayòm mwen an; paske, m ta renmen wè anpil. Paske wa a te etone anpil pou pawòl li te pale yo, e pou pawòl pitit gason li a, Lamoni te pale tou, se poutèt sa, li te “vle aprann yo.

28 Epi, se te konsa, Amon ak Lamoni te kontinye vwayaj la pou y ale nan peyi Midoni an. Wa peyi a te favorize Lamoni; se poutèt sa, frè Amon yo te sòti nan prizon.

29 Epi, lè Amon te rankontre yo, li te gen anpil lapenn, paske, yo te toutouni e po yo te kòche anpil poutèt yo te mare avèk kòd solid. Epi tou, yo te soufri anba grangou, ak swaf, ak tout kalite afliksyon, men yo te “pasyan nan tout soufrans yo.

30 Epi, jan sa te pase a, se te sò pa yo, pou yo te tonbe anba men yon pèp pi di ki te gen kou yo pi rèd, ki pa t vle koute pawòl yo, ki te chase yo, e ki te bat yo, ki te trennen yo sòti nan yon kay al yon lòt, pasi-pala, jistan yo te rive nan peyi Midoni an. Se la, yo te pran yo, yo te voye yo nan prizon, yo te mare yo avèk kòd “solid, yo te kenbe yo nan prizon

pandan anpil jou, e Lamoni ak Amon te delivre yo.

Istwa predikasyon Aawon ak Miloki ak frè l yo pami Lamanit yo.

Depi nan chapit 21 jouk nan finisman chapit 25.

CHAPIT 21

Aawon preche Amalekit yo konsènan Kris la ak Ekspyasyon Li a—Aawon ak frè l yo fèmen nan prizon Midoni—Lè yo fin delivre, yo preche nan sinagòg yo, epi yo konvèti anpil moun—Lamoni bay pèp nan peyi Ismayèl la libète nan zafè relijyon. Anviwon 90–77 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, lè Amon ak frè l yo te “separe sou fwontyè peyi Lamanit yo, Aawon te vwayaje nan direksyon yon kote Lamanit yo te rele Jerizalèm; yo te ba l non sa a dapre peyi kote zansèt yo te fèt la, e li te lòtbò kote fwontyè peyi Mòmou an.

2 Kounyeya, Lamanit yo ak Amalekit yo ak pèp “Amilon an te bati yon gran vil ki te rele Jerizalèm.

3 Kounyeya, Lamanit yo, pou tèt pa yo te gen kè di ase; men, Amalekit yo ak Amilonit yo te gen kè ki te pi di; se poutèt sa, yo te fè kè Lamanit yo vin pi di, pou yo te kapab pouri nan mechanste ak abominasyon.

4 Epi, se te konsa, Aawon te vini nan vil Jerizalèm nan, e li

27a GE Enb, imilite.
29a Alma 17:11.

30a Alma 26:29.
21 1a Alma 17:13, 17.

2a Mozya 24:1;
Alma 25:4–9.

te kòmanse preche Amalekit yo an premye. Li te kòmanse preche yo nan sinagòg yo, paske yo te bati sinagòg yo apre “lòd Neyò yo, paske anpil nan Amalekit yo ak Amilonit yo te dapre lòd Neyò yo.

5 Pandan Aawon te antre andedan youn nan sinagòg yo pou l preche pèp la, e pandan li t ap pale avèk yo, yon Amalekit te kanpe pou l fè kont avèk li, li te di: Kisa w ap temwaye la? Èske w te wè yon “zanj? Poukisa zanj yo pa fè nou wè yo? Èske pèp sa a pa bon tankou pa w la?

6 Ou di tou, si nou pa repanti, n ap peri. Kòman ou fè konnen panse nou ak entansyon kè nou? Kòman ou fè konnen nou pa yon pèp ki jis? Nou bati kay adorasyon, e nou rasanble ansanm pou nou adore Bondye. Nou kwè Bondye pral sove tout moun.

7 Kounyeya, Aawon te di l: Èske w kwè Pitit Gason Bondye a pral vini pou l rachte lèzòm anba peche yo?

8 Epi, nonm nan te di l: Nou pa kwè w konnen bagay sa a. Nou pa kwè nan tradisyon moun fou sa yo. Nou pa kwè w konnen bagay ki gen pou yo rive, ni tou, nou pa kwè zansèt ou yo ak zansèt pa nou yo konnen “bagay yo te di ki gen pou rive yo.

9 Kounyeya, Aawon te kòmanse louvri ekriti ki pale konnen aparasyon Kris la devan yo, ak rezirèksyon mò yo, e pa t ap kapab gen “redanmsyon pou

lèzòm si se pa t pou lanmò ak soufrans Kris la ak “ekspyasyon san l.

10 Epi, se te konsa, lè li te kòmanse ekspoze bagay sa yo devan yo, yo te fache kont li, yo te kòmanse moke l, e yo pa t vle tande pawòl li t ap pale yo.

11 Se poutèt sa, lè l te wè yo pa t vle tande pawòl li yo, li te sòti kite sinagòg la, e li te vini nan yon vilaj ki te rele Ani-Anti, se la li te jwenn Miloki ki t ap preche yo pawòl la, ak Ama, ak frè l yo, e yo te lite avèk anpil ladan yo pou pawòl la.

12 Epi, se te konsa, lè yo te wè pèp la t ap fè kè di, yo te pati e yo t ale nan peyi Midoni an, yo te preche anpil moun pawòl la, e yon ti kras te kwè pawòl yo te preche yo a.

13 Men, moun yo te arete Aawon ak kèk nan frè l yo, yo te fèmen yo nan prizon, e rès yo te kouri sòti nan peyi Midoni an pou y al nan rejyon alantou yo.

14 Epi, moun ki te fèmen nan prizon yo te “soufri anpil bagay, e Lamoni ak Amon te delivre yo, e yo te ba yo manje ak rad.

15 Epi, yo t al pibliye pawòl la ankò; konsa, yo te delivre nan prizon pou premye fwa, se konsa yo te soufri.

16 Epi, yo t ale nenpòt kote “Lespri Senyè a te voye yo, yo te preche pawòl Bondye a nan chak sinagòg Amalekit yo, oubyen nan tout asanble Lamanit yo, kote yo te kapab antre.

17 Epi, se te konsa, Senyè a te

4a Alma 1:2–15.

5a Mozya 27:11–15.

8a Jakòb 7:1–8.

9a Mozya 5:8;

Alma 38:9.

b GE Ekspyasyon,

ekspye.

14a Alma 20:29.

16a Alma 22:1.

kòmanse beni yo tèlman, yo te bay anpil moun konesans verite a; wi, yo te fè anpil moun “rekonèt peche yo, ak tradisyon zan-sèt yo ki pa t kòrèk.

18 Epi, se te konsa, Amon ak Lamoni te kite peyi Midoni an pou y al nan peyi Ismayèl la, ki se peyi yo te eritye a.

19 Epi, Wa Lamoni pa t kite Amon sèvi l, oubyen pou l ta sèvitè l.

20 Men li te fè bati sinagòg nan peyi Ismayèl la, epi li te fè pèp la, oubyen pèp ki te sou kòmandman li a rasanble ansanm.

21 Epi, li te kontan pou yo, e li te preche yo anpil bagay. Epi li te di yo, yo se pèp pa l, yo lib, e yo pa anba presyon wa a, papa l, paske papa l te aksepte pou l gouvène tout pèp ki nan peyi Ismayèl la ak nan tout kote alan-tou yo.

22 Epi, li te di yo, yo gen “libète pou yo adore Senyè a, Bondye yo a jan yo vle, nenpòt kote yo te ye, depi se nan peyi Wa Lamoni an.

23 Epi, se te konsa, Amon te preche pèp wa Lamoni an, li te preche yo tout bagay sou zafè lajistis, li te egzòte yo chak jou avèk anpil dilijans, yo te koute pawòl li, e yo te respekte kòmandman Bondye yo.

CHAPIT 22

Aawon ansenye papa Lamoni konsènan Kreyasyon an, Chit Adan an, ak plan redanmsyon an, pa mwayen Kris la—Wa a ak tout

moun lakay li konvèti—Esplikasyon konsènan divizyon tè ant Nefit ak Lamanit yo. Anviwon 90–77 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, kòm Amon te kontinye preche pèp Lamoni an, n ap tounen nan istwa Aawon an ak frè l yo, paske, apre li te fin kite peyi Midoni an, Lespri a te “dirije l pou l ale nan peyi Nefi a, lakay wa ki te alatèt tout peyi a, ^beksepte alatèt peyi Ismayèl la, epi se te papa Lamoni.

2 E, se te konsa, li te antre nan palè a avèk frè l yo, li te bese tèt li devan wa a, e li te di l: O, Wa, nou se frè Amon yo ou te “delivre nan prizon an.

3 Epi, kounyeya, O, Wa, si nou pa touye nou, n ap tounen sèvitè w. Epi, wa a te di yo: Leve, paske m akòde nou lavi, epi m p ap kite nou kòm sèvitè m; men, m ap ensiste pou nou preche m, paske panse m te yon jan twouble poutèt jenewozite ak gwo pawòl frè nou an, Amon, epi m vle konnen rezon ki fè l pa vin avèk nou nan peyi Midoni an.

4 Epi, Aawon te di wa a: Lespri Senyè a te rele l al yon lòt kote; li t ale nan peyi Ismayèl la pou l kapab preche pèp Lamoni an.

5 Kounyeya, Wa a te di yo: Kisa nou di konsènan Lespri Senyè a? Se bagay sa a k ap twouble m.

6 Epi tou, kisa Amon te vle di—“Si w repanti, w ap sove, si w pa repanti y ap chase w nan dènnye jou a?

7 Epi, Aawon te reponn li, li te

17a D&A 18:44.
22a D&A 134:1–4;
AL 1:11.

GE Libète.
22 1a Alma 21:16–17.
b Alma 21:21–22.

2a Alma 20:26.
6a Alma 20:17–18.

di l: Èske w kwè gen yon Bondye? Epi wa a te di: M konnen Amalekit yo di gen yon Bondye, e m kite yo bati kay adorasyon pou yo kapab rasanble ansanm pou yo adore l. Kounyeya, si nou di gen yon Bondye, m ap "kwè.

8 Epi kounyeya; lè Aawon te tandè sa, kè l te kòmanse rejwi e li te di: gade, o wa, menm jan ou vivan tout bon an, konsa gen yon Bondye.

9 Epi, wa a te di: Èske Bondye se "Gwo Lespri ki te mennen zansèt nou yo sòti nan peyi Jerizalèm nan?

10 Epi, Aawon te di l: Wi, se Gwo Lespri sa a, epi li te "kreye tout bagay ki nan syèl ak sou tè a. Èske w kwè sa?

11 Epi, li te di: Wi, m kwè Gwo Lespri sa a te kreye tout bagay; m ta vle pou nou ta pale m konsèn nan tout bagay sa yo, epi m ap "kwè nan pawòl nou yo.

12 Epi, se te konsa, lè Aawon te wè wa a ta vle kwè pawòl li yo, li te kòmanse depi nan kreyasyon Adan, pou l te li "ekriti yo bay wa a—Kòman Bondye te kreye lèzòm avèk imaj li, Bondye te ba yo kòmandman yo, men, lèzòm te tonbe poutèt transgresyon an.

13 Epi, Aawon te louvri ekriti yo devan l, depi nan "kreyasyon Adan, li te ekspoze transgresyon

lèzòm devan l, nan eta peche yo ye a, ak ^bplan redanmsyon an ki te prepare ^cdepi nan fondasyon mond lan, pa mwayen Kris la, pou tout moun ki kwè nan non l.

14 Epi, kòm lèzòm te ^atonbe, yo pa t gen okenn ^bmerit pou tèt pa yo, men, soufrans ak lanmò Kris la ^cekspye peche yo, pa mwayen lafwa ak repantans ak lòt bagay; Kris la kase kòd lanmò, ^atonm la pa p gen viktwà, doulè lanmò gen pou l anglouti nan esperans laglwa, epi Aawon te ekspoze tout bagay sa yo devan wa a.

15 Epi, se te konsa, lè Aawon te fin ekspoze bagay sa yo devan wa a, li te di: "Kisa m dwe fè pou m kapab gen lavi etènèl sa a nou t ap pale a? Wi, kisa m dwe fè pou m ^bredenouvo nan Bondye, pou m derasinen lespri mechan sa a nan lestomak mwen, pou m resevwa Lespri l, pou m kapab ranpli ak lajwa, pou yo pa chase m nan dènnye jou yo? Epi li te di: Ma p bay ^ctout sa m genyen; wi ma p kite wayòm mwen an pou m kapab gen lajwa sa a.

16 Men Aawon te di l: Si w "vle bagay sa a, si w vle bese devan Bondye, wi, si w repanti nan tout peche w yo, e si w vle bese devan Bondye, epi rele non li ak lafwa, si w kwè w kapab resevwa, lè sa a, w ap resevwa ^bespe-rans ou vle genyen an.

17 Epi, se te konsa, lè Aawon te

7a D&A 46:13–14.

9a Alma 18:18–28.

10a GE Kreyasyon, kreye.

11a GE Kwayans, kwè.

12a 1 Ne. 5:10–18;

Alma 37:9.

13a Jen. 1:26–28.

b GE Plan redanmsyon.

c 2 Ne. 9:18.

14a GE Chit Adan ak Èv.

b 2 Ne. 25:23;

Alma 42:10–25.

c Alma 34:8–16.

GE Ekspyasyon,

ekspye.

d Eza. 25:8;

1 Kor. 15:55.

15a Tra. 2:37.

b Alma 5:14, 49.

c Mat. 13:44–46;

19:16–22.

16a GE Konvèsyon,

konvèti.

b Etè 12:4.

fin di pawòl sa yo, wa a te ^abese devan Senyè a sou jenou l, li te menm postène atè a, epi li te ^brele byen fò, li te di:

18 O, Bondye, Aawon te di m gen yon Bondye; si gen yon Bondye, e si w se Bondye, fè m konnen ou, epi ma p kite tout peche m pou m kapab konnen ou, pou m kapab leve nan pami mò yo, epi pou m kapab sove nan dènye jou yo. Lè wa a te fin di sa, li te tonbe tankou l te mouri.

19 Epi, se te konsa, sèvitè yo te kouri al di rèn nan tout sa ki te rive wa a. Li te vin jwenn wa a, e li te wè l kouche tankou l te mouri; Aawon ak frè l yo te kanpe tankou se te yo menm ki te lakòz lanmò wa a. Rèn nan te fache kont yo, e li te kòmande sèvitè l yo, oubyen sèvitè wa yo pou yo touye yo.

20 Sèvitè yo te wè rezon ki te fè wa a tonbe a, se poutèt sa, yo pa t pran chans mete men sou Aawon ak frè l yo; yo te plede avèk rèn nan, yo te di: Poukisa ou kòmande nou pou nou touye nonm sa yo, alòske yon sèl ladan yo “pi fò pase nou tout? N ap tonbe devan yo.

21 Lè rèn nan te wè lakrent sèvitè yo, li te kòmanse pè anpil pou kèk malediksyon pa t tonbe sou li, epi li te kòmande sèvitè yo pou y al rele pèp la, pou touye Aawon ak frè l yo.

22 Lè Aawon te wè detèminasyon rèn nan, epi tou, li te konnen jan kè pèp la te di, li te pè

pou anpil moun pa t rasanble, pou sa pa t lakòz yon gwo chirèpit ak latwoublay nan pami yo; se poutèt sa, li te lonje men l, li te leve wa a atè a, e li te di l: Kanpe; e li te kanpe sou pye l; li te reprann fòs li.

23 Sa te rive nan prezans rèn nan ak anpil nan sèvitè yo. Lè yo te wè sa, yo te sezi anpil, e yo te kòmanse pè. Wa a te kanpe e li te kòmanse “preche yo. Li te tèlman preche yo, tout moun nan kay la te ^bkonvèti nan Senyè a.

24 Kounyeya, t anpil moun ki te rasanble poutèt kòmandman rèn nan, epi te kòmanse gen anpil plenyen nan pami yo poutèt Aawon ak frè l yo.

25 Men, wa a te kanpe nan pami yo, e li te preche yo. Yo te vin dou devan Aawon ak moun ki te avèk li yo.

26 Epi, se te konsa, lè wa a te wè pèp la te vin dou, li te fè Aawon ak frè l yo kanpe nan mitan pakèt moun yo pou yo kapab preche yo pawòl la.

27 Epi, se te konsa, wa a te voye yon “pwoklamasyon nan tout peyi a, nan pami tout pèp li a ki te nan tout peyi l la, nan tout rejyon alantou yo, ki te menm rive bò lanmè a, nan lès ak nan lwès, e yon ti lizyè tè dezè a te separe l avèk peyi ^bZarayemla a, ki te soti bò kote lès lanmè a jouk nan kote lwès la, ki te ak fwontyè dezè a ki te nan nò peyi Zarayemla a, pase nan peyi Manti a, nan tèt rivyè

17a D&A 5:24.

b GE Priyè.

20a Alma 18:1–3.

23a GE Administrè;

Ansenye, enstriktè;

Preche.

b GE Konvèsyon,
konvèti.

27a Alma 23:1–4.

b Omni 1:13–17.

Sidon an, soti nan lès pou l ale nan lwès—Se konsa Lamanit yo te separe avèk Nefit yo.

28 Moun ki te pi “parese nan pami Lamanit yo te viv nan dezè a. Yo te rete anba tant, e yo te gaye nan dezè a, nan kote lwès peyi Nefi a; wi, epi nan kote lwès peyi Zarayemla a, nan fwontyè bò rivaj lanmè a ak nan kote lwès peyi Nefi a, premye kote zansèt yo te eritye a, e lakòt la te sèvi l kòm fwontyè.

29 Epi tou, te gen anpil Lamanit nan kote lès lakòt la, kote Nefit yo te pouse yo a. Konsa, Lamanit yo te prèske antoure Nefit yo; men, Nefit yo te pran posesyon prèske tout kote nò peyi ki bay sou dezè a, nan tèt riviyè Sidon an, depi nan lès jouk nan lwès, vire alantou kote dezè a, nan nò, jistan yo te rive nan peyi ki rele “Abondans la.

30 Epi, li te gen menm fwontyè avèk peyi yo rele “Dezolasyon an, ki te tèlman rive lwen nan nò, li te rankontre avèk peyi ki te peple e ki te detwi avèk ^bzo moun pèp Zarayemla a te dekouvri a, pèp nou te pale a, epi ki te nan “premye kote yo te vini an.

31 Epi, yo te sòti la, pou y al nan dezè sid yo. Konsa, tè nan kote nò a te rele “Dezolasyon, e tè nan kote sid la te rele Abondans, se te dezè ki chaje avèk tout kalite bèt sovaj yo; yon pa ti

ladan l te rankontre nan pa ti nò a, epi li te sèvi pou manje.

32 Epi kounyeya, se te sèlman “nan yon jounen edmi, yon Nefit te soti sou fwontyè Abondans la pou l t ale nan peyi Dezolasyon an, depi nan lès jouk nan lanmè lwès la; epi se konsa, peyi Nefi a ak peyi Zarayemla a te prèske antoure avèk dlo; te gen yon sèl ^btranch tè nan mitan peyi nan nò a ak peyi nan sid la.

33 Epi, se te konsa, Nefit yo te rete nan peyi Abondans la, depi nan lès jouk nan lwès lanmè a. Se konsa, nan lasajès yo te genyen, yo te fè gad ak lame yo kwense Lamanit yo nan sid, pou Lamanit yo pa t gen okenn dwa nan nò, pou yo te kapab pa anvayi tè nan nò yo.

34 Se poutèt sa, Lamanit yo pa t kapab gen okenn lòt posesyon ankò, eksepte nan tè Nefi a ak nan dezè alantou yo. Epi se te lasajès Nefit yo sa—kòm Lamanit yo te ènmi Nefit yo, Nefit yo pa t kapab kite afliksyon Lamanit yo sou yo tout kote yo te pase, epi yo te fè sa pou yo te kapab gen kote pou yo chape kò yo jan yo vle.

35 Epi kounyeya, m fin di bagay sa yo, m vle tounen sou istwa Amon an, ak Aawon, ak Omnè, ak Imni ak frè yo.

CHAPIT 23

Pwoklamasyon fèt pou libète

28a 2 Ne. 5:22–25.

29a Alma 52:9; 63:5.

30a Alma 50:34;

Mòm. 4:1–3.

b Mozya 8:7–12;

28:11–19.

c Ela. 6:10.

31a Ela. 3:5–6.

32a Ela. 4:7.

b Alma 50:34.

relijyon—Lamanit nan sèt peyi ak vil konvèti—Yo rele tèt yo Anti-Nefi-Leyi yo, epi malediksyon an sòti sou yo—Amalekit yo ak Amilonit yo repouse verite a. Anviwon 90-77 ANVAN JEZIKRI.

GADE kounyeya, se te konsa, wa Lamanit yo te voye yon “pwoklamasyon nan pami tout pèp li a, pou yo pa t leve men sou Amon, Aawon, Omnè, Imni ak tout frè yo ki t al preche pawòl Bondye a, nenpòt kote yo ta ye, nan peyi a.

2 Wi, li te voye yon dekrè nan pami pèp la, pou pèp la pa t mete men sou yo pou mare yo, oubyen pou jete yo nan prizon, ni pou krache sou yo, ni pou ba yo kou, ni pou chase yo nan sinagòg yo, ni pou bat yo, ni pou l apide yo, men, pou yo gen an-tre lib nan kay yo, ak tanp yo, ak kay adorasyon yo.

3 Epi konsa, yo te kapab al preche pawòl la jan yo vle, paske, wa a te konvèti nan Senyè a ak tout moun ki te lakay li. Se poutèt sa, li te voye pwoklamasyon li a nan peyi a, pou pawòl Bondye a te kapab pa gen anpechman, men pou l te kapab ale nan tout peyi a, pou l te kapab konvenk pèp li a konsènan “tradisyon mekan zansèt li yo, e pou l te kapab konvenk yo, yo tout se frè, e yo pa dwe asasinin, ni fè piyay, ni vòlè, ni fè adiltè, ni fè nenpòt kalite mekanste.

4 Epi kounyeya, se te konsa, lè

wa a te fin voye pwoklamasyon an, Aawon ak frè l yo te mache nan yon vil al nan yon lòt, e yo te mache nan yon kay lapriyè al nan yon lòt kay lapriyè pou yo tabli legliz, konsakre prèt ak enstriktè tout kote nan pami Lamanit yo, pou preche e pou yo ansenye pawòl Bondye a nan pami yo. Se konsa yo te kòmanse gen anpil sikse.

5 Epi, anpil milye Lamanit te vin konnen Senyè a; wi, anpil milye te vin kwè nan “tradisyon Nefit yo, epi yo te aprann yo ^bistwa ak pwofesi ki te pase nan yon men al nan lòt, jouk kounyeya.

6 Epi, menm jan Senyè a vivan tout bon an, se konsa, tout moun ki kwè oubyen ki te vin gen konnesans konsènan verite a, pa mwayen predikasyon Amon ak frè l yo, dapre lespri revelasyon ak lespri pwofesi a, e pouvwa Bondye a fè mirak nan pami yo—wi, m di nou, menm jan Senyè a vivan se konsa tout Lamanit ki te kwè nan predikasyon yo, epi ki te “konvèti nan Senyè a, yo pa t ^bjanm kite legliz la.

7 Paske, yo te vin tounen yon pèp ki jis, yo te mete zam rebelyon yo atè, pou yo pa t goumen avèk Bondye ankò ni avèk okenn nan frè yo.

8 Kounyeya, men “moun yo ki te konvèti nan Senyè a:

9 Pèp Lamanit yo ki te nan peyi Ismayèl la;

10 Pèp Lamanit yo ki te nan peyi Midoni an tou;

23 1a Alma 22:27.

3a Alma 26:24.

5a Alma 37:19.

b Alma 63:12.

GE Ekriti yo.

6a GE Konvèsyon,

konvèti.

b Alma 27:27.

8a Alma 26:3, 31.

11 Pèp Lamanit yo ki te nan vil Nefi a tou;

12 Ak pèp Lamanit yo ki te nan peyi ^aChilòm nan, ki te nan peyi Chèmilon an ak vil Lemyèl la epi vil Chimnilòm nan tou.

13 Epi, se te non vil Lamanit yo ki te ^akonvèti nan Senyè a, e se moun sa yo ki te depoze zam rebelyon yo, wi, tout zam lagè yo, e yo tout se te Lamanit.

14 Epi, Amalekit yo pa t ^akonvèti, eksepte yon sèl; ni ^bAmilonit yo tou; men, yo te fè kè yo di, e yo te fè kè Lamanit ki te nan peyi sa yo di tou, tout kote yo te rete; wi, tout vilaj yo ak tout vil yo.

15 Se poutèt sa, nou te site non tout vil Lamanit ki te repanti yo, ki te vin gen konesans verite a, e ki te konvèti.

16 Epi kounyeya, se te konsa, wa a ak moun ki te konvèti yo te vle gen yon non pou distenge yo avèk frè yo; se poutèt sa, wa a te konsilte Aawon ak anpil nan prèt yo konsènan non pou yo ta pran pou yo kapab distenge tèt yo.

17 Epi, se te konsa, yo te rele tèt yo ^aAnti-Nefi-Leyi; e se non sa yo te genyen, epi yo pa t rele Lamanit ankò.

18 Epi, yo te kòmanse vin tounen yon pèp ki travay anpil nan zafè lindistri; wi, yo te fè zanmi avèk Nefit yo, se poutèt sa, yo te louvri yon korespondans avèk Nefit yo, e ^amalediksyon Bondye pa t tonbe sou yo ankò.

CHAPIT 24

Lamanit yo vini kont pèp Bondye a—Pèp Anti-Nefi-Leyi rejwi nan Kris la, e zanj yo te vizite yo—Yo pito chwazi pou yo te soufri lanmò tan pou yo ta defann tèt yo—Plis Lamanit vin konvèti. Anviwon 90–77 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, Amalekit yo ak Amilonit yo ak Lamanit yo ki te nan peyi Amilon an, epi tou ki te nan peyi Elam nan ak peyi ^aJerizalèm nan, pou fini, moun sa yo ki te nan tout kote, ki pa t konvèti, e ki pa t pote non ^bAnti-Nefi-Leyi a, Amalekit yo ak Amilonit yo te pouse yo pou yo kapab fache kont frè yo.

2 Rayiman yo te vin tèlman red kont moun ki te konvèti yo, moun ki pa t konvèti yo te kòmanse fè rebèl kont wa a, yo pa t vle l pou wa yo, e yo te pran zam kont pèp Anti-Nefi-Leyi a.

3 Kounyeya, wa a te remèt wa-yòm nan nan men pitit li a e li te ba l non Anti-Nefi-Leyi.

4 Epi, wa a te mouri nan menm ane Lamanit yo te kòmanse fè preparasyon pou lagè kont pèp Bondye a.

5 Kounyeya, lè Amon ak frè l yo ak tout moun ki te vini avèk li yo te wè preparasyon Lamanit yo pou yo detwi frè yo, yo te monte nan peyi Madyan an, e se la, Amon te rankontre tout frè l yo; e se te la tou yo te vini nan peyi Ismayèl la pou yo te òganize yon ^akonsèy avèk Lamoni,

12a Mozya 22:8, 11.

13a Alma 53:10.

14a Alma 24:29.

b Mozya 23:31–39.

17a GE Anti-Nefi-Leyi yo.

18a 1 Ne. 2:23;

2 Ne. 30:5–6;

3 Ne. 2:14–16.

24 1a Alma 21:1.

b Alma 25:1, 13.

5a Alma 27:4–13.

epi avèk frè l ki te Anti-Nefi-Leyi, konsènan sa pou yo te fè pou yo defann tèt yo kont Lama-nit yo.

6 Kounyeya, pa t gen yon moun nan pami tout pèp la ki te konvèti nan Senyè a ki te vle pran zam kont frè yo; non, yo pa t menm vle fè preparasyon pou lagè; wi, epi wa a te kòmande yo pou yo pa t fè sa.

7 Kounyeya, men pawòl li te di pèp la konsènan sitiyasyon an: M remèsye Bondye m nan, pèp byenneme m nan, poutèt grandè Bondye nou an, nan bonte l, li te voye frè nou yo, Nefit yo, pou preche nou, e pou yo konvenk nou konsènan "tradisyon zansèt mechan nou yo.

8 Epi gade, m remèsye Bondye m nan pou grandè li poutèt li te ban nou yon pòsyon nan Lespri l, pou touche kè nou, pou nou te louvri korespondans avèk frè nou yo, Nefit yo.

9 Epi gade, m remèsye Bondye m nan paske korespondans nou te louvri a te konvenk nou pou nou te rekonèt "peche nou ak anpil asasina nou te fè yo.

10 Epi, m remèsye Bondye m nan tou, wi, Bondye m nan ki Gran an poutèt li te fè nou repanti nan bagay sa yo, epi poutèt li te "padone tout peche ak asasina nou te fè yo, e li te retire ^bremò nan kè nou pa mwayen merit Pitit Gason li a.

11 Epi kounyeya, frè m yo, kòm se tout sa nou te kapab fè, (kòm nou te pèp ki te pi kòronpi nan

pami tout limanite), pou nou repanti nan tout peche ak anpil asasina nou te fè yo, epi pou nou fè Bondye "wete yo nan kè nou, paske se sa sèlman nou te kapab fè pou nou repanti ase devan Bondye, pou l te wete tach nou yo sou nou—

12 Kounyeya, frè byenneme m yo, kòm Bondye te lave kras nou yo, epi epe nou yo te vin pwòp, an nou pa sal epe nou yo ankò avèk san frè nou yo.

13 Gade, m di nou, non; annou sere epe nou yo pou yo pa sal avèk san frè nou yo; paske, pètèt, si nou sal epe nou yo ankò, yo p ap janm kapab vin "lave pwòp ankò nan san Pitit Gason Bondye nou an ki Gran an, ki gen pou l koule pou ekspyasyon peche nou yo.

14 Epi, Bondye a ki gran an te gen mizèrikòd pou nou; li te fè nou konnen bagay sa yo pou nou pa peri; wi, e li fè nou konnen bagay sa yo davans, paske li renmen "nanm nou menm jan li renmen pitit nou yo; se poutèt sa, nan mizèrikòd li, zanj li yo te vizite nou, pou nou ak jenerasyon k ap vini yo kapab konnen ^bplan sali a.

15 O, Bondye nou an gen anpil mizèrikòd! Epi kounyeya gade, kòm se sèlman sa nou te kapab fè pou salte nou yo te sòti sou nou, e epe nou yo te vin pwòp, an nou sere yo pou yo kapab rete pwòp pou sèvi temwayaj devan Bondye nou an nan dènnye jou a, oubyen, nan jou n ap vini devan

7a Mozya 1:5.

9a D&A 18:44.

10a Dan. 9:9.

b GE Remò.

11a Eza. 53:4–6.

13a Apok. 1:5.

14a GE Nanm—

Valè nanm.

b GE Plan redanmsyon.

l pou l jije nou an, pou nou pa sal epe nou yo avèk san frè nou yo, depi lè nou te resevwa pawòl li a ki te fè nou pwòp.

16 Epi kounyeya, frè m yo, si frè nou yo vle detwi nou, n ap sere epe nou yo; wi, n ap menm antere yo fon anba tè a pou yo kapab rete pwòp, pou yo sèvi temwen, ki fè konnen nou pa t janm sèvi avèk yo, nan dènye jou a; e si frè nou yo detwi nou, “nou pral jwenn Bondye nou an, e n ap sove.

17 Epi kounyeya, se te konsa, lè wa a te fin di bagay sa yo, tout pèp la te rasanble, yo te pran epe yo ak tout zam ki te sèvi pou koule san lèzòm yo, yo te “antere yo fon anba tè a.

18 Epi, yo te fè sa kòm, yon temwayaj pou yo devan Bondye ak devan lèzòm, ki bay prèv yo pa t ap “janm pran zam ankò pou yo koule san lèzòm; e yo fè sa kòm afimasyon, epi kòm balyans devan Bondye, tan pou yo ta koule san frè yo, yo ta pito bay lavi pa yo; tan pou yo ta pran zafè frè yo, yo ta pito ba li, epi tan pou yo ta pase lavi yo nan parès, yo ta pito travay anpil avèk men pa yo.

19 Se konsa, nou wè, lè Lamanit yo te vin kwè, e lè yo te vin konnen verite a, yo te vin “solid e yo te pito soufri jistan yo mouri pase pou yo ta fè peche. Epi, se konsa nou wè, yo te antere zam l apè yo, oubyen, yo te antere zam lagè yo pou l apè.

20 Epi, se te konsa, frè yo, Lamanit yo te fè preparasyon pou lagè, e yo te monte nan peyi Nefi a, pou yo kapab detwi wa a, pou yo kapab mete yon lòt nan plas li epi tou pou yo kapab detwi pèp Anti-Nefi-Leyi a nan peyi a.

21 Kounyeya, lè pèp la te wè yo t ap vin kont yo, yo te sòti pou rankontre yo, yo te “postène atè a devan yo, epi yo te kòmanse rele non Senyè a; se nan pozisyon sa a yo te ye lè Lamanit yo te kòmanse tonbe sou yo pou kòmanse touye yo avèk epe.

22 San pa t gen okenn opozisyon, Lamanit yo te touye mil senk ladan yo; e nou konnen yo beni, paske y al viv avèk Bondye yo a.

23 Lè Lamanit yo te wè frè yo pa t vle kouri devan epe yo, yo pa t tounen ni adwat ni agoch, men, yo te rete atè a pou yo “peri, epi pou yo te remèsye Bondye menm lè yo t ap peri anba epe a—

24 Lè Lamanit yo te wè sa, yo te “sispann touye yo; e kè anpil ladan yo te ^bfè yo mal pou frè yo ki te tonbe anba epe yo, e yo te repanti pou sa yo te fè a.

25 Epi, se te konsa, yo te voye zam lagè yo jete, yo pa t vle pran zam yo ankò, paske yo te gen remò pou krim yo te fè yo; e yo te bese tèt tankou frè yo, yo te anba men moun sa yo, ki te leve ponyèt yo anlè pou touye yo.

16a Alma 40:11–15.

17a Ela. 15:9.

18a Alma 53:11.

b GE Alyans.

c GE Sakrifis.

19a GE Lafwa.

21a Alma 27:3.

23a Alma 26:32.

24a Alma 25:1.

b GE Konpasyon.

26 Epi, se te konsa, te gen plis moun vivan nan pèp Bondye a pase moun ki te mouri, jou sa a; e moun ki te mouri yo se te moun ki jis, se poutèt sa, nou pa gen okenn rezon pou nou kwè yo pa t ^asove.

27 Epi, pa t gen yon sèl moun mechan nan pami moun ki te mouri yo; men te gen plis pase mil ki te vin gen konesans verite a; konsa nou wè Senyè a travay nan anpil ^afason pou l kapab sove pèp li.

28 Pi plis Lamanit ki te touye anpil frè yo, te Amalekit ak Amilonit, plis ladan yo te dapre ^alòd ^bNeyò yo.

29 Nan pami moun ki te jwenn avèk pèp Senyè a, pa t gen ^ayoun ki te Amalekit ak Amilonit oubyen ki te nan lòd Neyò yo; men, yo tout te desandan Laman ak Lemyèl.

30 Konsa, nou wè byen klè, lè Lespri Bondye te fin ^aklere yon pèp, epi yo te fin gen gwo ^bkonesans nan zafè lajistis, e apre sa, yo ^atonbe nan peche ak transgresyon, kè yo vin pi di, e ka yo vin pi ^agrav pase moun ki pa t janm konnen bagay sa yo.

CHAPIT 25

Agresyon Lamanit gaye—Desandan prèt Noye yo peri jan Abinadi te pwofetize a—Anpil Lamanit konvèti, e yo vini nan pami pèp

Anti-Nefi-Leyi a—Yo kwè nan Kris la, e yo kenbe lalwa Moyiz la. Anviwon 90–77 ANVAN JEZIKRI.

EPI, kounyeya, se te konsa, Lamanit yo te pi fache paske yo te touye frè pa yo, se poutèt sa, yo te fè sèman pou yo vanje sou Nefit yo, e yo pa t chèche touye pèp ^aAnti-Nefi-Leyi a pou kounyeya.

2 Men, yo te pran lame yo, epi yo t al nan fwontyè peyi Zarayemla a, yo te tonbe sou pèp ki te nan Amoniya a, e yo te ^adetwi yo.

3 Apre sa, yo te fè anpil batay avèk Nefit yo. Nefit yo te reponse yo e yo te touye yo.

4 Epi, nan pami Lamanit ki te mouri yo, te gen prèske tout ^adesandan Amilon yo ak frè l yo ki te prèt Noye yo, e yo te mouri anba men Nefit yo;

5 Epi, rès ki te rete yo, te kouri al nan dezè lès la, e yo te vòlè otorite ak pouvwa a nan men Lamanit yo, e yo te fè anpil Lamanit ^aperi nan dife poutèt kwayans yo—

6 Paske, anpil ladan ^ayo, lè yo te fin pèdi anpil bagay, e yo te fin gen tout afliksyon sa yo, yo te oblije kòmanse sonje ^bpawòl Aawon ak frè l yo te preche yo nan peyi yo a; se poutèt sa, yo te kòmanse pa kwè nan ^atradisyon zansèt yo, e yo te kòmanse kwè nan Senyè a, e li te bay

26a Apok. 14:13.

27a Eza. 55:8–9;
Alma 37:6–7.

28a Alma 21:4.

b Alma 1:15; 2:1, 20.

29a Alma 23:14.

30a Mat. 12:45.

b Ebre 10:26;

Alma 47:36.

c 2 Ne. 31:14;

Alma 9:19.

GE Apostazi.

d 2 Pyè 2:20–21.

25 1a GE Anti-Nefi-Leyi yo.

2a Alma 8:16; 16:9.

4a Mozya 23:35.

5a Mozya 17:15.

6a SVD Lamanit yo.

b Alma 21:9.

c Alma 26:24.

Nefit yo gwo pouvwa; konsa anpil ladan yo te konvèti nan dezè a.

7 Kounyeya epi, se te konsa, tout dirijan yo ki se te rès desandan “Amilon yo te fè ^btouye yo, wi, tout moun ki te kwè nan bagay sa yo.

8 Kounyeya, sakrifis sa a te fè anpil nan frè yo fache, e te kòmanse gen chirepit nan dezè a, e Lamanit yo te kòmanse “chase desandan Amilon yo ak frè yo, yo te kòmanse touye yo, e yo te sove al nan kote lès dezè a.

9 Epi gade, jodi a ankò Lamanit yo dèyè yo. Konsa, pawòl Abinadi yo te akonpli, pawòl li te pale sou desandan prèt yo ki te fè l mouri nan dife a.

10 Paske li te di yo: Sa nou pral “fè m nan ap senbolize bagay ki gen pou rive.

11 Epi kounyeya, Abinadi te premye moun ki te soufri “lanmò nan dife poutèt kwayans li nan Bondye. Men sa l te vle di: Anpil moun pral soufri lanmò nan dife, menm jan li te soufri a.

12 Epi, li te di prèt Noye yo konsa, desandan yo pral fè anpil moun mouri, menm jan l te mouri a; yo pral gaye pasi-pala, yo pral mouri tankou mouton san gadò k ap kouri e ki mouri anba dan bèt sovaj. Bagay sa yo te verifye paske Lamanit yo te chase yo, yo te kenbe yo e yo te touye yo.

13 Epi, se te konsa, lè Lamanit yo te wè yo pa t kapab domine Nefit yo, yo te retounen lakay yo, e anpil ladan yo te vini pou yo rete nan peyi Ismayèl ak peyi Nefi a, e yo vin fè pa ti nan pèp Bondye a, ki te pèp “Anti-Nefi-Leyi a.

14 Epi, yo te “antere zam pou lagè yo tou, menm jan frè yo te fè a, e yo te kòmanse tounen yon pèp ki te jis; yo te mache nan chemen Senyè a, e yo te veye pou yo respekte kòmandman ak prensip li yo.

15 Wi, e yo te respekte lalwa Moyiz la; li te nesèsè pou yo te toujou respekte lalwa Moyiz la, paske li pa t ankò akonpli. Men, malgre “lalwa Moyiz la, yo t ap tann Kris la ki te gen pou l vini an, paske, lalwa Moyiz la te ^bsenbolize Kris la ki t ap vini an; epi yo te kwè yo dwe toujou pratike “òdanans vizib sa yo jistan lè a rive pou l fè yo wè l la.

16 Yo pa t sipoze moun t ap “sove pa mwayen ^blalwa Moyiz la; men, lalwa Moyiz la te sèvi pou ranfòse lafwa yo nan Kris la; konsa yo te gen ^cesperans pou yo sove nan lavi etènèl pa mwayen lafwa, yo te sou kontwòl Lespri pwofesi a ki pale sou bagay sa yo ki gen pou fèt.

17 Amon, Aawon, Omnè, Imni ak frè yo te rejwi anpil pou siksè yo te genyen nan pami Lamanit yo; paske Senyè a te ba yo sa yo

7a Alma 21:3;
24:1, 28-30.
b GE Matirize, mati.
8a Mozya 17:18.
10a Mozya 13:10.
11a Mozya 17:13.
13a Alma 23:16-17.

14a Alma 24:15;
26:32.
15a Jakòb 4:5;
Jawòm 1:11.
GE Lwa Moyiz.
b Mozya 3:14-15;
16:14.

c Mozya 13:29-32.
16a Mozya 12:31-37;
13:27-33.
b 2 Ne. 11:4.
c 1 Tes. 5:8-9.

te mande daprè ^alapriyè yo, e li te akonpli pawòl li pou yo nan tout bagay.

CHAPIT 26

Amon rejwi tèt li nan Senyè a—Senyè a bay moun ki gen lafwa yo fòs ak konesans—Avèk lafwa, lè-zòm kapab mennen anpil milye nanm nan repantans—Bondye gen tout pouvwa e li konprann tout bagay. Anviwon 90-77 AN-VAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, men pawòl Amon te pale frè l yo, li di konsa: Frè m yo, m ap di nou, nou gen anpil rezon pou nou rejwi; paske, èske nou ta kapab sipoze, lè nou te ^akòmanse nan peyi Zarayemla a, Bondye t ap ban nou gwo benediksyon sa yo?

2 Epi kounyeya, m mande, ki gwo benediksyon sa yo li ban nou an? Èske w kapab di m?

3 Men, ma p reponn pou nou; frè nou yo, Lamanit yo te nan fènwa; wi, yo te menm nan twou fènwa; men, gade konbyen ^aladan yo ki vin wè bèl limyè Bondye a! Se benediksyon sa yo ki te tonbe sou nou, pou nou kapab sèvi kòm ^bzouti nan men Bondye pou nou fè gwo travay sa a.

4 Gade, anpil ^amilye ladan yo rejwi, epi yo te vin fè pa ti nan twoupo Bondye a.

5 Gade, ^ajaden an te mi, epi nou beni paske nou te pran ^bkoutodigo a e nou te rekòlte avèk fòs nou; wi, nou te travay tout lajounen, epi gade kantite ^cgrap ou te keyi! epi, yo pral rasanble nan barik pou yo kapab pa pèdi.

6 Wi, siklòn nan dènye jou a p ap chavire yo atè; wi, ni tou, toubiyon p ap pote yo ale; men, lè ^asiklòn nan vini, y ap rasanble ansanm nan plas yo pou siklòn nan pa kapab penetre nan mitan yo; wi, ni tou van pa p kapab transpòte yo pasi-pala, kote, ènmi an chwazi pou l voye yo.

7 Men gade, yo nan men Senyè a ki se mèl ^arekòt la; se pou li yo ye; e li pral ^bleve yo nan dènye jou a.

8 Se pou non Bondye nou an beni, an nou ^achante pou laglwa li; wi, an nou bay non sen li a ^bremèsiman, paske li fè lajistis pou tout tan.

9 Paske si nou pa t monte nan peyi Zarayemla a, chè frè byen-neme nou yo, ki te renmen nou anpil la tou, yo t ap toumante avèk ^arayisman kont nou; wi, e yo t ap etranje devan Bondye jouk kounyeya.

10 Epi, se te konsa, lè Amon te fin di bagay sa yo, frè l la, Aawon te rele dèyè l, li di: Amon, m pè pou kontantman pa fè w gonfle lestomak ou.

17a Alma 17:9.

26 1a Mozya 28:9;
Alma 17:6-11.

3a Alma 23:8-13.

b 2 Kor. 4:5;
Mozya 23:10.

4a Alma 23:5.

5a Jan 4:35-37;

D&A 4:4.

b Jowèl 3:13.

c D&A 33:7-11;
75:2, 5.

6a Ela. 5:12;

3 Ne. 14:24-27.

7a GE Rekòt.

b Mozya 23:22;
Alma 36:28.

8a D&A 25:12.

b GE Rekonesan,
remèsiman.

9a Mozya 28:1-2.

11 Men Amon te di l: M pa fè "louwanj poutèt fòs pa m, ni pou lasajès mwen; men, m chaje ak ^blajwa; wi, kè m chaje ak lajwa, e ma p rejwi nan Bondye m nan.

12 Wi, m konnen m pa anyen; kanta pou fòs pa m, m se yon moun fèb; se poutèt sa, m p ap fè "louwanj pou tèt pa m, men, ma p fè louwanj pou Bondye m nan, paske avèk ^bfòs li m kapab fè tout bagay; wi, nou fè yon pakèt mirak nan peyi sa a, n ap beni non l pou tout tan poutèt sa.

13 Gade, konbyen milye nan frè nou yo li te demare anba doulè "lanfè; e sa te pouse yo ^bchante lanmou Redanmtè a, poutèt pouvwa pawòl li ki nan nou, se poutèt sa, èske nou pa gen gwo rezon pou nou rejwi?

14 Wi, nou gen rezon pou nou louwe li pou tout tan, paske li se Bondye Ki Pi Wo a, e li te demare frè nou yo anba "chenn lanfè.

15 Wi, tenèb etènèl ak destriksyon te ansèkle yo tout kote; men gade, li te mennen yo nan "limyè etènèl, wi, li te mennen yo nan sali etènèl, e yo te antoure avèk lanmou li a ki pa kapab konpare avèk lòt; wi, epi nou te sèvi kòm zouti nan men l pou nou fè gwo bèl travay sa a.

16 Se poutèt sa, "an nou rejwi; wi, ^bn ap rejwi nan Senyè a; wi, n

ap rejwi paske nou ranpli ak lajwa; wi, n ap louwe Bondye pou tout tan. Gade kiyès ki kapab louwe non Senyè a twòp? Wi, kiyès ki kapab pale twòp sou gwo pouvwa li a, ak "mizèrikòd li, ak andirans li pou byen lèzòm? Gade m ap di nou, m pa kapab di ti kal nan sa m santi.

17 Kiyès ki te kapab kwè Bondye nou an ta gen tout mizèrikòd sa a, pou l rale nou nan eta terib, eta peche ak salte nou te ye a?

18 Gade, nou t ale menm avèk kòlè, avèk menas pou nou "de-twi legliz li a.

19 O, lè sa a, poukisa li pa t konsiyen nou anba yon destriksyon terib; wi poukisa li pa t kite epe lajistis li tonbe sou nou pou angouti nou nan dezespwa etènèl?

20 O, nanm mwen preske tankou l ap vole lè m panse bagay sa a. Gade, li pa t egzèse lajistis li sou nou, men, nan pakèt mizèrikòd li, li te retire nou nan "gouf lanmò ak mizè etènèl sa a, pou l menm sove nanm nou.

21 Epi kounyeya gade, frè m yo, ki moun "natirèl ki konnen bagay sa yo? M di nou, pa gen yo youn ki ^bkonnen bagay sa yo, eksepte moun ki repanti yo.

22 Wi, moun ki "repanti, ki egzèse ^blafwa, ki fè bon zèv e ki priye tout tan, se moun sa yo ki kapab konnen "mistè Bondye;

11a 2 Kor. 7:14.
b D&A 18:14-16.
c GE Jwa.

12a Jer. 9:24;
Alma 29:9.
b Sòm 18:32-40;
Filip. 4:13;
1 Ne. 17:3.

13a GE Lanfè.

b Alma 5:26.
14a Alma 12:11.
15a GE Limyè, limyè Kris.
16a Wom. 15:17;
1 Kor. 1:31.
b 2 Kor. 10:15-18;
D&A 76:61.
c Sòm 36:5-6.
18a Mozya 27:8-10.

20a 2 Ne. 1:13;
Ela. 3:29-30.
21a GE Lòm natirèl.
b 1 Kor. 2:9-16;
Jakòb 4:8.
22a Alma 36:4-5.
c GE Repantans, repanti.
b GE Lafwa.
c GE Mistè Bondye yo.

wi, y ap konnen bagay ki pa t janm revele; wi, epi y ap gen pouvwa pou yo mennen anpil milye nanm nan repantans la, menm jan nou te gen pouvwa pou nou te mennen frè nou yo nan repantans la.

23 Kounyeya, èske nou sonje, frè m yo, nou te di frè nou yo nan peyi Zarayemla a, nou ta prale nan peyi Nefi a pou preche frè nou yo, Lamanit yo, e yo te pase nou nan betiz?

24 Yo te di nou: Nou panse nou kapab fè Lamanit yo konnen verite? Èske nou panse nou kapab konvenk Lamanit yo sou “tradisyon zansèt yo ki pa kòrèk ak ^bjan kou yo rèd la; ak kè yo ki pran plèzi nan koule san, ak tout lavi yo ki pase nan move inikite, ak chemen yo ki menm chemen yo transgresè depi nan kòmansman an? Kounyeya, frè m yo, nou sonje se konsa yo te pale.

25 Epi ankò, yo te di: An nou pran lèzam kont yo, annou detwi yo ak inikite yo sou tè a pou yo pa anvayi nou, e pou yo pa detwi nou.

26 Men gade, frè byenneme m yo, nou pa t vini nan dezè a avèk entansyon pou nou detwi frè nou yo, men, avèk entansyon pou, petèt, nou ta kapab sove kèk nan nanm yo.

27 Kounyeya, lè kè nou te deprime, e nou te nan wout pou nou tounen, gade Senyè a te “konsole nou, e li te di: Ale nan pami frè nou yo, Lamanit yo,

sipòte ^bafliksiyon nou yo avèk “pasyans, e m ap fè nou gen siksè.

28 Epi kounyeya gade, nou te vini, e nou te mache nan pami yo, e nou te pran pasyans nan soufrans nou yo, e nou te soufri tout privasyon; wi nou te mache nan chak kay, nou te lage kò nou nan men mond lan—Pa nan men mond lan sèlman, men, nan men Bondye.

29 Epi, nou te antre lakay yo e nou te preche yo, e nou te preche yo nan lari; wi, nou te preche yo sou kolin yo, e tou, nou te antre nan tanp yo ak sinagòg yo, e nou te preche yo. Yo te chase nou, yo te moke nou, yo te krache sou nou, yo te souflete nou, yo te lapide nou, yo te pran nou, yo te mare nou avèk kòd solid, e yo te jete nou nan prizon, e avèk pouvwa e avèk lasajès Bondye, nou te delivre ankò.

30 Epi, nou te soufri tout kalite afliksiyon, e tout sa te pase petèt pou nou ta kapab sèvi kòm zouti pou nou sove kèk nanm, e nou t ap ranpli ak ^alajwa, si, petèt, nou ta kapab sèvi kòm zouti pou nou sove kèk nanm.

31 Kounyeya gade, nou kapab leve tèt pou nou wè fwi travay nou; èske yo ti kras? Mwen di nou, non; yo ^aanpil; wi, epi nou kapab temwaye konsènan senserite yo, poutèt lanmou yo pou frè yo ak pou nou.

32 Paske gade, yo te pito ^asakri-fye lavi yo, tan pou yo ta pran lavi ènmi yo, e yo te ^bantere zam

24^a Mozya 10:11–17.

^b Mozya 13:29.

27^a Alma 17:9–11.

^b Alma 20:29–30.

GE Advèsite.

^c GE Pasyans.

30^a D&A 18:15–16.

31^a Alma 23:8–13.

32^a Alma 24:20–24.

^b Alma 24:15.

pou lagè yo fon anba tè, poutèt lanmou yo te genyen pou frè yo.

33 Epi kounyeya gade, m di nou, èske te janm gen lanmou ki te gwo konsa nan tout peyi a? Gade m di nou, non, pa t gen sa menm nan pami Nefit yo.

34 Paske gade, yo t ap pran lezam kont frè yo; yo pa t ap kite Lamanit yo touye yo. Men, gade ki kantite nan moun sa yo ki te bay lavi yo, e nou konnen y al jwenn Bondye yo a poutèt lanmou yo te genyen youn pou lòt ak rayiman yo te genyen pou peche.

35 Kounyeya, èske nou pa gen rezon pou nou rejwi? Wi, m di nou, pa t janm gen moun ki te gen gwo rezon pou yo te rejwi tankou nou, depi mond lan te kòmanse, wi, e kontantman m depase limit, jistan m ap fè chèlbè nan Bondye m nan; paske li gen tout “pouvwa, tout konpreyansyon, li ^bkonprann tout bagay, li se yon Èt ki gen “mizèrikòd, menm pou l sove moun ki repanti, e ki kwè nan non l.

36 Kounyeya, si bagay sa a se chèlbè, m ap fè chèlbè menm. Paske se lavi m ak limyè m, lajwa m ak sali m ak redanmsyon k ap wete m nan touman etènèl. Wi, non Bondye m nan beni, li pa bliye pèp li a, ki se yon “branch nan pyebwa Izrayèl la, ki te separe nan kò a, pou l pèdi nan yon peyi etranje; wi, m di, non Bondye m nan beni; li te

sonje nou menm ki se ^bpèleren nan yon peyi etranje.

37 Kounyeya, frè m yo, nou wè Bondye sonje chak “moun, nan nenpòt peyi yo ye; wi, li konte pèp li a, e zantray mizèrikòd li sou tout tè a. Se lajwa pa m ak gwo remèsiman m; wi, m ap remèsye Bondye m nan pou tout tan. Amèn.

CHAPIT 27

Senyè a kòmande Amon pou l mennen pèp Anti-Nefi-Leyi yo, yon kote ki byen pwoteje—Lè Amon rankontre Alma kontantman Amon depase fòs li—Nefit yo ba yo peyi Jèchon an—Yo rele yo pèp Amon an. Anviwon 90–77 AN-VAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, sete konsa, lè Lamanit ki t ale pou fè lagè kont Nefit yo te wè, apre anpil efò pou yo detwi yo, se te san rezilta yo t ap chèche fè sa, yo te retounen nan peyi Nefi a.

2 Epi, se te konsa, Amalekit yo te fache anpil, poutèt sa yo te pèdi. Lè yo te wè, yo pa t kapab tire revanaj sou Nefit yo, yo te kòmanse pouse pèp la kont “frè yo, pèp ^bAnti-Nefi-Leyi a, se poutèt sa, yo te kòmanse detwi yo ankò.

3 Yon fwa “ankò pèp sa a te refize pran lèzam, e yo te kite ènmi yo touye yo, dapre volonte ènmi yo.

4 Kounyeya, lè Amon ak frè l yo te wè travay destriksyon sa

35a GE Pouvwa.
b D&A 88:41.
c GE Mizèrikòd.
36a Jen. 49:22–26;

Jakòb 2:25; 5:25.
b Jakòb 7:26.
37a Tra. 10:34–35;
2 Ne. 26:33.

27 2a Alma 43:11.
b Alma 25:1.
c GE Anti-Nefi-Leyi yo.
3a Alma 24:21–26.

a nan pami moun yo te renmen anpil yo, e ki te renmen yo anpil la tou—paske yo te konsidere Amon ak frè l yo tankou zanj Bondye te voye pou sove yo anba destriksyon etènèl—se poutèt sa, lè Amon ak frè l yo te wè gwo travay destriksyon sa a, yo te chaje avèk konpasyon, e yo te “di wa a:

5 An nou rasanble pèp Senyè a ansanm, e annou desann nan peyi Zarayemla a, pou n al jwenn frè nou yo, Nefit yo, pou nou sòti anba men ènmi nou yo, pou nou kapab pa detwi.

6 Men, wa a te di yo: gade, Nefit yo pral detwi nou poutèt anpil asasina ak anpil peche nou te fè kont yo.

7 Epi, Amon te di: M pral mande Senyè a e si l di nou, desann al jwenn frè nou yo, èske nou prale?

8 Epi, wa a te di l: Wi, si Senyè a di nou, ale, nou pral jwenn frè nou yo, e n ap tounen esklav yo jistan nou repare anpil asasina ak anpil peche nou te fè kont yo.

9 Men Amon te di l: Lalwa papa m te tabli nan pami frè nou yo pa vle pou gen “esklav nan pami nou; se poutèt sa, ann ale, e frè nou yo ap fè jan yo vle avèk nou.

10 Men, wa a te di l: Mande Senyè a, e si li di nou ale, nou prale; si se pa sa, n ap ret peri nan peyi a.

11 Epi, se te konsa, Amon t al mande Senyè a, e Senyè a te di l:

12 Wete pèp sa a nan peyi a

pou yo pa peri; paske, Satan gen gwo pouvwa sou kè Amalekit yo ki pouse Lamanit yo kont frè yo pou touye yo; se poutèt sa, sòti nan peyi a, e pèp ki fè pati nan pami jenerasyon sa a beni, paske m ap prezève yo.

13 Epi, se te konsa, Amon t ale, e li te di wa a tout pawòl Senyè a te di l.

14 Epi, yo te rasanble tout moun yo ansanm, wi, tout moun Senyè a yo, epi yo te rasanble bèt ak pwovizyon yo, yo te pati kite peyi a, e yo t ale nan dezè ki te separe peyi Nefi a ak peyi Zarayemla a, e yo t ale toupre fwontyè peyi a.

15 Epi, se te konsa, Amon te di yo: Mwen menm ak frè m yo, nou prale nan peyi Zarayemla a, e n ap rete la jistan nou retounen, e n ap teste kè frè nou yo pou nou wè si y ap kite nou vini nan peyi yo a.

16 Epi, se te konsa, pandan Amon t aprale nan peyi a, li te rankontre frè Alma yo nan “kote yo te gen pou yo rankontre a, e se te yon rankont plen lajwa.

17 Kounyeya, Amon te tèlman gen “lajwa, kè l te ranpli; wi, li t ap neye nan lajwa Bondye li a, jistan li te ^bpèdi fòs li, e li te tonbe atè a ^cankò.

18 Kounyeya, èske sa pa t yon gwo lajwa? Gade, se lajwa pèsonn pa resevwa, si se pa moun ki repanti e k ap chèche bonè ak imilite.

19 Kounyeya, lajwa Alma te gwo anpil, toutbon, lè li te

4a Alma 24:5.
9a Mozya 2:13;
29:32, 38, 40.

16a Alma 17:1–4.
17a GE Jwa.
b 1 Ne. 1:7.

c Alma 19:14.

rankontre frè l yo, ni lajwa Aawon, ak lajwa Omnè, ak lajwa Imni; men, lajwa yo pa t depase fòs yo.

20 Epi kounyeya, se te konsa, Alma te kondi frè l yo tounen nan peyi Zarayemla a; li te menm mennen yo lakay pa l. Yo t al di jij “anchèf la tout sa ki te pase yo nan peyi Nefi a, nan pami frè yo, Lamanit yo.

21 Epi, se te konsa, jij anchèf la te voye yon pwoklamasyon nan tout peyi a, pou l kapab konnen vwa pèp la konsènan frè yo, ki te pèp Anti-Nefi-Leyi a.

22 Epi, se te konsa, pèp la te fè tande vwa l, ki te di: N ap bay peyi Jèchon an, ki nan kote lès bò lanmè ki kontre nan peyi Abondans la, nan bò kote sid peyi Abondans la. Se peyi Jèchon sa a n ap bay frè nou yo pou yo eritye.

23 Epi gade, n ap mete lame nou yo nan mitan peyi Jèchon an ak peyi Nefi a pou nou kapab pwoteje frè nou yo nan peyi Jèchon an; epi n ap fè sa, poutèt frè nou yo pè pran lezam kont frè yo pou yo pa fè peche; yo pè paske yo te repanti toutbon, nan anpil asasina ak mechanste terib yo te fè.

24 Epi kounyeya, n ap fè sa pou frè nou yo, pou yo kapab eritye peyi Jèchon an, e n ap pwoteje yo kont ènmi yo avèk lame nou yo, ak kondisyon pou yo ban nou yon pati nan pwovizyon yo pou nou kapab kenbe lame nou yo.

25 Kounyeya, se te konsa, lè

Amon te tande sa, li te retounen bò kote pèp Anti-Nefi-Leyi a, epi tou, Alma t ale avèk li, nan dezè a, kote yo te plante tant yo, e yo te fè yo konnen tout bagay sa yo. Epi, Alma te rakonte yo “konvèsyon l, ak Aawon ak frè l yo.

26 Epi, se te konsa, li te mete anpil lajwa nan pami yo. Epi yo te desann nan peyi Jèchon an, e yo te pran peyi Jèchon an, e Nefit yo te rele yo: Pèp Amon an, se poutèt sa, non sa a te distenge yo depi lè sa a.

27 Yo te nan pami pèp Nefi a, epi tou, yo te konte nan pami moun legliz Bondye a. Epi yo te distenge pou devouman yo devan Bondye, ak devan lèzòm, paske yo te pafètman “onèt e yo te ^bdwat nan tout bagay; epi yo te fèm nan lafwa nan Kris la jiska lafen.

28 Epi, pou yo fè san frè yo koule se te yon bagay kite trè meprizab, e yo pa t janm kapab pran lèzam kont frè yo, pou yo pa t avili tèt yo, e yo pa t pè lanmò menm yon ti kras, poutèt esperans yo ak konsiderasyon yo te genyen pou Kris la ak rezirèksyon an. Se poutèt sa, pou yo, lanmò te anglouti nan vik-twa Kris la te ranpòte sou li.

29 Se poutèt sa, yo ta prefere soufri “lanmò nan fason pi grav ak pi agonizan frè yo te kapab panse aflije yo, pou yo ta pran epe oubyen ponya pou yo ponyade yo.

30 Se konsa, yo te yon pèp devwe, yo te emab, Senyè a te fè yo anpil favè.

20a Alma 4:16–18.
25a Mozya 27:10–24.

27a GE Onèt, onètete.
b Alma 23:6.

29a Alma 24:20–23.

CHAPIT 28

Lamanit yo pèdi yon gwo batay—Anpil dizèn milye mouri—Mechan yo prale nan touman etènèl; moun ki jis yo prale nan bonè etènèl. Anviwon 77–76 ANVAN JEZIKRI.

EPI, kounyeya, se te konsa, lè pèp Amon an te fin tabli nan peyi “Jèchon an, e yon legliz te fin tabli nan peyi Jèchon an tou, epi lame Nefit yo te fin kanpe alantou peyi Jèchon an, wi, nan tout fwontyè alantou peyi Zarayemla a; lè sa a, lame Lamanit yo te suiv frè yo nan dezè a.

2 Epi konsa, te gen yon gwo batay; wi, moun pa t janm wè batay konsa nan pami tout pèp nan peyi sa a, depi lè Leyi te kite Jerizalèm; wi, e plizyè dizèn milye Lamanit te mouri, e yo te gaye tout kote.

3 Wi, epi anpil san te koule nan pami pèp Nefi a; men, yo te “pouse Lamanit yo, epi yo te dispèse yo, epi pèp Nefi a te retouren nan peyi yo ankò.

4 Epi kounyeya, se te yon epòk moun te tandè anpil plenyen ak lamantasyon nan pami tout pèp Nefi a—

5 Wi, kriye vèv ki t ap plenyen pou mari yo, papa pou pitit, pitit fi pou frè yo; wi, frè pou frè; se konsa, kriye, ak plenyen pèp la te nan zòrèy yo tout; yo t ap plenyen pou fanmi yo ki te mouri.

6 Epi kounyeya se te yon jou ki

te tris anpil; wi, yon jou solanèl, e se te yon jou anpil “jèn ak anpil lapriyè.

7 Se konsa kenzyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini;

8 Se istwa Amon ak frè l yo, vwayaj yo nan peyi Nefi a, soufrans yo nan peyi a, tristès ak afliksyon yo, epi lajwa “san parèy yo, ak frè yo ki te jwenn dwa pou yo rete avèk pwoteksyon nan peyi Jèchon an. Epi kounyeya se pou Senyè a, ki se redanmtè tout mond lan beni nanm yo pou tout tan.

9 Epi, se istwa lagè ak chirepit nan pami Nefit yo, epi tou, istwa lagè nan pami Nefit yo ak Lamanit yo; e kenzyèm ane gouvènman jij yo fini.

10 Epi, depi nan premye jouk nan kenzyèm ane a te pote destriksyon pou lavi anpil milye moun; wi, li te pote yon vye espektak masak.

11 Epi kò anpil milye moun te nan twou anba tè a, pandan kò anpil milye lòt moun te “dekonpoze fè pil sou sifas tè a; wi, e plizyè milye moun t ap ^brele pou fanmi yo ki te pèdi; paske, yo te gen rezon pou yo pè, dapre pwomès Senyè a te fè, yo te gen pou yo ale nan yon touman ki p ap fini.

12 Pandan anpil milye lòt moun ap plenyen pou fanmi yo ki mouri, an menm tan, yo rejwi, epi yo egzalte nan lajwa, e yo menm konnen, dapre “pwomès Senyè a, yo monte pou y al viv

28 1a Alma 27:22;

30:1, 19.

3a Alma 30:1.

6a Alma 30:2.

8a Alma 27:16–19.

11a Alma 16:11.

b Alma 48:23;

D&A 42:45–46.

12a Alma 11:41.

bò kote dwat Bondye nan yon bonè ki pa p janm fini.

13 Epi, konsa, nou wè gwo “inegalite lèzòm poutèt peche yo, ak transgresyon yo, ak pou- vwa dyab la, ki reyalize nan ^bplan mètdam li te ranje pou l kapab makonnen kè lèzòm.

14 Epi konsa, nou wè gwo apèl dilijans lèzòm resevwa pou yo travay “nan jaden Senyè a; e konsa, nou wè anpil rezon pou lapenn epi tou pou rejwi- sans—lapenn, poutèt lanmò ak destriksyon nan pami lèzòm, e lajwa poutèt ^blimyè Kris ki bay lavi.

CHAPIT 29

Alma vle kriye repantans avèk devouman zanj yo—Senyè a bay enstriktè pou tout nasyon—Alma pran plèzi nan travay Senyè a, e nan sikse Amon ak frè l yo. Anvi- won 76 ANVAN JEZIKRI.

O, si m te yon zanj, m ta kapab fè sa ki nan kè m, m ta vle ale pou m pale avèk twonpèt Bondye a, avèk yon vwa pou souke tè a, m ta rele repantans nan zò- rèy tout pèp!

2 Wi, m ta deklare chak nanm, tankou vwa yon loray, repantans ak plan redanmsyon an, pou yo kapab repanti, “vin jwenn Bondye nou an, pou kapab pa gen plis lapenn sou tout sifas tè a.

3 Men gade, m se yon nonm, e

m fè peche poutèt anbisyon m; paske m dwe kontante m avèk bagay Senyè a banmwèn.

4 M pa dwe kite dezi pa m toumante dekrè fèm Bondye ki jis la, paske, m konnen li bay lè- zòm dapre “volonte yo, menm si se pou lanmò oubyen pou lavi; wi, m konnen li akòde lè- zòm, wi, li bay lèzòm lòd ki pa t chanje dapre sa yo ^bvle, menm si se pou sove yo oubyen pou detwi yo.

5 Wi, m konnen byen ak mal vini devan tout moun; moun ki pa konnen byen ak mal pa gen repwòch; men, moun ki “kon- nen byen ak mal, moun sa a re- sevwa dapre volonte l, menm si li vle byen oubyen mal, lavi ou- byen lanmò, lajwa oubyen remò ^bkonsyans.

6 Kouneyeya, m konnen bagay sa yo, poukisa pou m ta vle fè plis pase travay yo ban mwèn an?

7 Poukisa pou m vle pou m ta yon zanj, pou m kapab pale avèk tout kwen tè a?

8 Paske gade, Senyè a bay “tout nasyon, pou tèt pa yo, avèk ^blang pa yo, pou yo preche pa- wòl li a; wi, avèk lasajès, tout sa li “wè ki nesèsè pou yo ta gen- yen; se poutèt sa, nou wè, Senyè a bay konsèy nan lasajès, dapre lajistis ak verite a.

9 M konnen kisa Senyè a kò- mande m, e m rejwi ladan l. M pa “rejwi m nan tèt pa m, men,

13a 1 Ne. 17:35.

b 2 Ne. 9:28.

14a GE Jaden Senyè a.

b GE Limyè, limyè Kris.

29 2a Omni 1:26;

3 Ne. 21:20.

4a Sòm 37:4.

b GE Lib abit.

5a 2 Ne. 2:18, 26;

Mowo. 7:15–19.

GE Disènman, Don.

b GE Konsyans.

8a 2 Ne. 29:12.

b D&A 90:11.

c Alma 12:9–11.

9a Alma 26:12.

m pran plèzi nan sa Senyè a kòmande m; wi, se laglwa pa m, petèt, m kapab sèvi kòm zouti nan men Bondye pou m mennen kèk nanm nan repantans; se lajwa pa m.

10 Epi gade, lè m wè anpil nan frè m yo ki repanti toutbon, ki vin jwenn Senyè a, Bondye yo a, lè sa a, nanm mwen ranpli ak lajwa; lè sa a, m sonje “kisa Senyè a te fè pou mwen; wi, li te menm koute lapriyè m; wi, lè sa a, m sonje ponyèt mizèrikòd li lonje ban mwen.

11 Wi, epi tou m sonje kaptivite zansèt mwen yo; paske m konnen toutbon, “Senyè a te delivre yo anba esklavaj, e konsa, li te tabli legliz li a; wi, Senyè Bondye a, Bondye Abraram nan, Bondye Izarak la, ak Bondye Jakòb la te delivre yo anba esklavaj,

12 Wi, m te toujou sonje kaptivite zansèt mwen yo; e menm Bondye ki te “delivre yo anba men Ejiptyen yo, te delivre yo anba esklavaj.

13 Wi, epi menm Bondye sa a te tabli legliz li a nan pami yo; wi, menm Bondye sa a te ban m yon apèl ki sen pou m preche pèp li a pawòl la, e li te ban m anpil siksè, ki te fè m ranpli ak “lajwa.

14 Men, m pa egzalte m pou-tèt siksè pa m sèlman; men, m pi ranpli ak lajwa poutèt “siksè frè m yo ki te monte nan peyi Nefi a.

15 Gade, yo te travay anpil, e

yo te pwodwi anpil fwi, rekonsans yo pral anpil!

16 Kounyeya, lè m panse avèk siksè frè m yo, nanm mwen transpòte, menm, jistan li tankou l te separe avèk kò m; se konsa m kontan anpil.

17 Epi kounyeya, se pou Bondye akòde frè m yo pou yo chita nan wayòm Bondye a; wi, e tout moun ki se fwi travay frè m yo tou, pou yo pa sòti, men, pou yo beni non l pou tout tan. M mande pou Bondye fè sa daprè pawòl mwen yo, menm jan m di l la. Amèn.

CHAPIT 30

Koriyò, antekris la, moke Jezikri, Ekspyasyon an, ak lespri pwo-fesi a—Li ansenye pa gen Bondye, Adan pa t tonbe, pa gen pinisyon pou peche, e pa gen yon Kris—Alma temwaye Kris la pral vini, e tout bagay pwouve gen yon Bondye—Koriyò mande yon siy e li tonbe bèbè—Dyab la te parèt devan Koriyò tankou yon zanj, e li aprann li sa pou l di—Yo pilonnen Koriyò e li mourì. Anviwon 76–74 ANVAN JEZIKRI.

GADE kounyeya, se te konsa, lè “pèp Amon an te fin tabli nan peyi Jèchon an, wi, epi tou lè yo te fin ^bchase Lamanit yo nan peyi a, e pèp nan peyi Jèchon an te fin antere mò Lamanit yo—

2 Mò yo te tèlman anpil, yo pa t kapab konte yo; ni mò Nefit yo tou—men, se te konsa, lè yo te fin antere mò yo, e apre jou jèn,

10a Mozya 27:11–31.

11a Mozya 24:16–21;
Alma 5:3–5.

12a Egz. 14:30–31.

13a D&A 18:14–16.

14a Alma 17:1–4.

30 1a Alma 27:25–26.

GE Anti-Nefi-Leyi yo.

b Alma 28:1–3.

ak plenyen, ak lapriyè yo, (se te sèzyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a) te kòmanse gen lapè pou tout tan nan tout peyi a.

3 Wi, epi pèp la te respekte kòmandman Senyè a yo, epi yo te mache dwat nan obsève “òdo-nans Bondye yo daprè lalwa Moyiz la; paske yo te aprann pou yo ^brespekte lalwa Moyiz la jistan l akonpli.

4 Epi konsa, pèp la pa t gen nwisans nan tout sèzyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a.

5 Epi, se te konsa, nan kòmansman disetyèm ane gouvènman jij yo te gen lapè pou tout tan.

6 Men, se te konsa, nan finisman disetyèm ane a, te gen yon nonm ki te vini nan peyi Zarayemla a, li te yon ^aAntekris, paske li te kòmanse preche pèp la kont pwofesi pwofèt yo te pale sou Kris la k ap vini an.

7 Kounyeya, pa t gen lalwa kont ^akwayans moun; paske se te kont kòmandman Bondye a yo pou ta gen yon lalwa ki ta mete lèzòm sou yon baz inegal.

8 Paske ekriti yo di: ^a“Chwazi pou tèt pa nou jodi a, moun nou vle sèvi a.

9 Kounyeya, si yon moun te vle sèvi Bondye, se te privilèj pa l, oubyen, si l te kwè nan Bondye se te privilèj pa l pou l sèvi Bondye; men si l pa t kwè nan Bondye, pa t gen lalwa pou pini l.

10 Men, si l te touye moun, li te resevwa pinisyon ^alanmò; si l te vòlè, yo te pini l; e si l te fè

adiltè, yo te pini l tou; wi, te gen pinisyon pou tout mechanste sa yo.

11 Paske te gen lalwa pou moun resevwa pinisyon pou krim yo fè, men pa t gen lalwa kont kwayans yon nonm; se poutèt sa, yon nonm te pini sèlman pou krim li te fè, konsa, tout moun te sou yon pyedestal ^aegal.

12 Epi, Anti Kris ki te rele Koriyò a, (lalwa a pa t kapab gen dwa sou li) te kòmanse anonse pèp la pa p gen yon Kris. Men jan l te preche, li te di:

13 O, nou menm ki mare anba yon esperans moun sòt, ki san valè, poukisa nou mete tèt nou anba yon chay moun fou konsa? Poukisa n ap ret tann yon Kris? Paske pa gen moun ki konnen sa k pral rive.

14 Gade, bagay sa yo nou rele pwofesi yo, bagay nou di ki te sòti nan men pwofèt ki sen yo, se tradisyon moun fou zansèt nou yo.

15 Kòman nou fè konnen yo se verite? Nou pa menm ^awè yo; se poutèt sa, nou pa kapab konnen si ap gen yon Kris.

16 Nou gade, e nou di ap gen padon pou peche nou yo. Men, se efè panse moun ki twouble, epi panse nou twouble poutèt tradisyon zansèt nou yo ki fè nou kwè nan bagay ki pa vre.

17 Epi, li te di yo anpil lòt bagay konsa; li te di yo pa p gen okenn ekspyasyon pou peche

3a GE Lwa Moyiz.

b 2 Ne. 25:24-27;

Alma 25:15.

6a GE Antekris.

7a Alma 1:17.

8a Joz. 24:15.

GE Lib abit.

10a GE Pinisyon kapital.

11a Mozya 29:32.

15a Etè 12:5-6.

lèzòm, li te di yo chak moun viv nan lavi sa a daprè jan yo te fè; se poutèt sa, chak moun pwospere daprè entèlijans pa l, epi chak moun te jwenn vikwa daprè fòs pa l, e yon moun mèt fè sa li vle, se pa yon krim.

18 Se konsa li te preche yo; li te detounen kè anpil moun, li te fè yo leve tèt yo nan mechanste yo; wi, li te fè anpil fi ak gason tonbe nan adiltè, li te di yo lè yon nonm mouri tout bagay fini.

19 Nonm sa a t ale nan peyi Jèchon an tou, pou l preche bagay sa yo nan pami pèp Amon an, ki te pèp Lamanit yo nan yon epòk.

20 Men gade yo te pi saj pase anpil nan Nefit yo; yo te pran nonm nan, yo te mare l, e yo te mennen l devan Amon ki te gran prèt nan pami pèp la.

21 Epi, se te konsa, Amon te fè yo mete l deyò nan peyi a, e li t al nan peyi Jedeon an, epi li te kòmanse preche yo tou; li pa t gen siksè kote sa a, paske yo te pran l, yo te mare l e yo te mennen l devan gran prèt la ak jij anchèf peyi a.

22 Epi, se te konsa, gran prèt la te di l: Poukisa w ap mache bare chemen Senyè a? Poukisa w ap preche pèp la pa p gen yon Kris pou w kapab entèwonp kontantman yo? Poukisa w ap pale kont tout pwofesi pwofèt ki sen yo?

23 Kounyeya, Gran prèt la te rele Jidona. Epi Koriyò te di l: Poutèt m pa preche tradisyon moun fou zansèt ou yo, e poutèt m pa preche pèp sa a pou l mare kò l ak òdonans moun fou ak pèfòmans ansyen prèt yo te mete

yo, pou yo te kapab gen otorite ak pouvwa sou pèp la, pou yo kenbe yo nan iyorans, pou yo pa leve tèt yo, men, pou yo bese tèt yo daprè pawòl ou.

24 Ou di konsa, pèp sa a se yon pèp ki lib; men, m di, yo nan esklavaj. Ou di konsa, ansyen pwofesi sa yo vrè, m di, yo pa vre.

25 Ou di konsa pèp sa a se yon pèp koupab ki dechi poutèt transgresyon yon paran, men, m di yon ti moun pa koupab poutèt paran l.

26 Epi tou, ou di Kris la gen pou l vini. Men, m di, ou pa konnen si ap gen yon Kris. Epi ou di, l ap mouri pou “peche mond lan—

27 Se konsa w ap detounen pèp la nan tradisyon moun fou zansèt ou yo, daprè jan ou vle; ou fè yo rete tèt bese tankou moun ki nan esklavaj, pou w kapab chaje vant ou avèk swè men yo, pou yo kapab pa leve tèt gade, epi pou yo kapab pa jwi dwa ak privilèj yo.

28 Wi, yo pa kapab pran chans sèvi avèk zafè pa yo pou yo pa ofanse prèt yo, prèt yo mete fado sou do pèp la jan yo vle, epi prèt yo pran tradisyon, ak rèv ak pasyon, ak vizyon, ak swadizan mistè pou fè pèp la kwè sa yo di kapab ofanse yon vivan yo pa menm konnen, ki rele Bondye—Yon vivan moun pa janm ni wè, ni konnen; ki pa t janm, ni ki p ap janm egziste.

29 Kounyeya, lè gran prèt la ak jij anchèf la te wè jan kè l di, wi, lè yo te wè li kapab revòlte kont

Bondye, yo pa t reponn pawòl li yo; men, yo te fè mare l, e yo te remèt li nan men polisye yo; yo te voye l nan peyi Zarayemla a pou l kapab ale devan Alma ak jij anchèf la ki te gouvène tout peyi a.

30 Epi, se te konsa, yo te mennen l devan Alma ak jij anchèf la, e li te fè menm jan l te fè nan peyi Jedeon an; wi, li te kontinye "blasfème.

31 Epi, li te pale sou Alma avèk "vye pawòl nan bouch li, e li te revòlte kont prèt yo ak enstriktè yo, li te akize yo kòm moun k ap detounen pèp la avèk tradisyon moun sòt zansèt yo, pou yo kapab chaje vant yo avèk swè pèp la.

32 Kounyeya, Alma te di l: Ou konnen nou pa chaje vant nou avèk swè pèp la, paske, depi nan kòmansman gouvènman jij yo pou jouk kounyeya m ap travay avèk men pa m pou m sipòte tèt mwen, menm lè m t ap plede vwayaje nan peyi a pou m deklare pèp la pawòl Bondye a.

33 Epi malgre anpil travay m te fè nan legliz la, m pa janm resevwa pa menm yon sèl "senin pou travay mwen; ni okenn nan frè m yo, eksepte nan fètèy jijman an, epi lè konsa, nou te resevwa sèlman pou tan nou, dapre lalwa a.

34 Epi kounyeya, si nou pa resevwa anyen pou travay nou fè nan legliz la, ki benefis nou genyen pou nou travay nan legliz la

si se pa pou nou deklare verite pou nou kapab rejwi nan "lajwa frè nou yo?

35 Poukisa w di konsa nou preche pèp la pou pran avantaj, alòske, ou menm, ou konnen nou pa resevwa okenn benefis? Epi kounyeya, èske w kwè nou twonpe pèp sa a ki gen lajwa sa a nan kè l?

36 Epi Koriyò te reponn li: Wi.

37 Alma te di l: Èske w kwè gen yon Bondye?

38 Epi li te di: Non.

39 Alma te di l: Èske w ap nye gen yon Bondye, epi èske w ap nye Kris la? Paske, m ap di w, m konnen gen yon Bondye, e Kris la gen pou l vini.

40 Kisa ki pwouve w pa gen "Bondye, oubyen Kris p ap vini? M ap di w, ou pa gen okenn prèv eksepte pawòl ou yo sèlman.

41 Men, m gen tout bagay pou temwaye, bagay sa yo se verite; epi tou, ou gen tout bagay pou "temwaye, yo se verite; èske w ap nye yo? Èske w kwè bagay sa yo se verite?

42 M konnen ou kwè, men, yon Lespri mantè anpare w, epi w pouse Lespri Bondye pou l kapab pa gen plas nan ou; men, dyab la gen pouvwa sou ou, e li mennen w pasi-pala, li fè plan pou l kapab detwi pitit Bondye yo.

43 Epi kounyeya, Koriyò te di Alma: Si w montre yon "siy pou w kapab konvenk mwen genyen yon Bondye, wi, montre m li gen

30a GE Blasfèm, blasfeme.

31a Ela. 13:22.

33a Alma 11:3.

34a GE Jwa.

40a Sòm 14:1.

41a GE Temwen.

43a Jakòb 7:13-21;

D&A 46:8-9.

GE Siy.

pouvwa, lè sa a, m ap kwè pa-wòl ou yo se verite.

44 Men, Alma te di l: Ou te gen ase siy; èske w vle tante Bondye w la? Èske w vle di, montre m yon siy, alòske ou gen temwayaj "tout frè sa yo ak tout pwofèt ki sen yo? Ekriti yo louvri devan w; wi, ^btout bagay demontre egzistans yon Bondye; wi, menm "tè a ak tout sa ki sou sifas li; wi, ak "mouvman li, wi, epi tou ak tout "planèt k ap fè mouvman regilye nan jan pa yo, yo temwaye gen yon Kreyatè ki Siprèm.

45 Apre sa, èske w ap kontinye ale pasi-pala, pou detounen kè pèp sa a, ou temwaye devan yo, pa gen Bondye? Epi l te di: Wi, m ap nye l si w pa montre m yon siy.

46 Epi kounyeya, se te konsa, Alma te di l: Sa fè m tris, poutèt jan kè w di; wi, poutèt w ap toujou goumen avèk Lespri verite a pou nanm ou kapab detwi.

47 Men gade, li "pi bon pou nanm ou pèdi tan pou w ta sèvi kòm zouti pou mennen anpil nanm nan destriksyon ak manti epi avèk pawòl flatè w yo; se poutèt sa, si w nye l ankò, Bondye ap frape w, pou w kapab vin bèbè, pou w kapab pa janm louvri bouch ou ankò, pou w kapab pa janm twonpe pèp sa a ankò.

48 Koriyò te di l: M pa nye egzistans Bondye, men, m pa kwè gen Bondye, epi tou m di: Ou pa konnen gen yon Bondye,

e si w pa ban m yon siy, m p ap kwè.

49 Alma te di l: M ap ba w yon siy: W ap tonbe "bèbè daprè pa-wòl mwen; epi m ap di, nan non Bondye, w ap vin bèbè pou w kapab sispann pale.

50 Lè Alma te di pawòl sa yo, Koriyò te vin bèbè, e li pa t kapab pale jan Alma te di a.

51 Lè jij anchèf la te wè sa, li te lonje men l e li te ekri pou Koriyò: Èske w kwè nan pouvwa Bondye? Sou ki moun ou te vle Alma montre siy li a? Èske w ta vle pou l ta aflije lòt moun pou l montre w yon siy? Men l montre w yon siy; kounyeya, èske w ap toujou fè diskisyon?

52 Epi, Koriyò te lonje men l, epi li te ekri: M konnen m bèbè paske m pa kapab pale, e m konnen anyen pa ta kapab fè m sa, eksepte pouvwa Bondye; wi, e m te toujou "konnen gen yon Bondye.

53 Men gade, dyab la te "twonpe m, paske li te ^bparèt devan m sou fòm yon zanj, e li te di m: Al reklame pèp sa a, paske yo tout pèdi nan yon Bondye yo pa konnen. Epi li te di m: "Pa gen Bondye e li te aprann mwen sa pou m di. M te preche pawòl li yo; m te preche yo paske yo pran nan "panse chanèl la, m te preche yo jistan m te gen siksè, tèlman, m te vin konprann yo se verite toutbon; se poutèt sa, m te mete m ankwa devan verite a

44a Mozya 13:33-34.

b Sòm 19:1;
D&A 88:47.

c Jòb 12:7-10.

d Ela. 12:11-15.

e Moyiz 6:63.

47a 1 Ne. 4:13.

49a 2 Kwo. 13:20.

52a Alma 30:42.

53a Jakòb 7:14.

b 2 Kor. 11:14;

2 Ne. 9:9.

c Sòm 10:4.

d GE Chanèl.

jistan m te fè gwo malediksyon sa a tonbe sou mwen.

54 Lè l te fin di bagay sa a, li te vle pou Alma priye Bondye pou malediksyon an te kapab soti sou li.

55 Men, Alma te di l: Si malediksyon sa a soti sou ou, w ap detounen kè pèp la ankò, se poutèt sa, sa va fèt daprè volonte Senyè a.

56 Epi, se te konsa, malediksyon an pa t Koriyò; yo te chase l e li t al nan chak kay pou l mande manje.

57 Kounyeya, konesans bagay ki te pase Koriyò a te pibliye imedyatman nan tout peyi a; wi, jij anchèf la te voye pwoklamasyon an bay tout moun nan peyi a, li te deklare moun ki te kwè nan pawòl Koriyò yo, yo dwe repanti vit pou menm jijman sa a pa t tonbe sou yo.

58 Epi, se te konsa, yo tout te vin konnen mechanste Koriyò; se poutèt sa, yo tout te konvèti ankò nan Senyè a; e sa te mete fen nan kalite inikite menm jan avèk pa Koriyò yo. Epi, Koriyò te mache nan tout kay pou l mande pou l te kapab manje.

59 Epi, se te konsa, pandan l t ale nan pami pèp la, wi, nan pami pèp ki te wete kò yo nan pami Nefit yo, e ki te rele tèt yo Zoramit la, ki te gen yon nonm ki te rele Zoram kòm dirijan yo a, e lè l t ale nan pami yo, yo te pouse l tonbe atè, epi yo te pilonnen l jistan li te mouri.

60 Se konsa nou wè finisman moun ki t ap kontrarye chemen Senyè a; e konsa, nou wè ^adyab la p ap ^bsipòte pitit li yo nan dènye jou a, men, li trennen yo desann nan ^clanfè rapid.

CHAPIT 31

Alma nan tèt yon misyon pou reklame Zoramit ki tonbe nan apostazi yo—Zoramit yo nye Kris la, yo kwè nan yon move fason pou fè eleksyon, e yo adore avèk yon lapriyè litani—Misyonè yo chaje avèk Lespri sen an—Afliksyon yo nwaye nan lajwa nan Kris la. Anviwon 74 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, se te konsa, lè Koriyò te fin mouri, yo te fè Alma konnen Zoramit yo t ap kontrarye chemen Senyè a, e Zoram, ki te chèf la, t ap detounen kè pèp la pou l ^afè yo bese devan ^bzidòl ki bèbè, e kè Alma te kòmanse vin ^ctris ankò poutèt inikite pèp la.

2 Paske, bagay sa a te lakòz Alma ^atris anpil, lè l te konnen inikite ki te nan pami pèp la; se poutèt sa, kè l te tris anpil poutèt Zoramit yo te separe avèk Nefit yo.

3 Kounyeya, Zoramit yo te rassemble nan yon peyi yo te rele Antyonòm, nan kote lès peyi Zarayemla a, bò rivaj lanmè ki te nan sid peyi Jèchon an, epi tou ki gen fwontyè l nan sid, bò dezè a, menm dezè sa a ki te chaje ak Lamanit yo.

60^a GE Dyab.

^b Alma 3:26–27; 5:41–42;
D&A 29:45.

^c GE Lanfè.

31 1^a Egz. 20:5;

Mozya 13:13.

^b 2 Ne. 9:37.

GE Idolatri.

^c Alma 35:15.

2^a Mozya 28:3;

3 Ne. 17:14;

Moyiz 7:41.

4 Kounyeya Nefit yo te pè anpil pou Zoramit yo pa t antre nan korespondans ak Lamanit yo, epi pou sa pa ta lakòz yon gwo pèt pou Nefit yo.

5 Epi kounyeya, kòm “predikasyon ^bpawòl la te gen tandans ‘mennen pèp la fè sa ki jis—wi, li te gen pi gwo pouvwa sou panse pèp la pase epe, oubyen pase nenpòt lòt bagay ki te pase yo—se poutèt sa, Alma te panse li te nesèsè pou yo te eseye aplike pawòl Bondye a.

6 Se poutèt sa, li te pran Amon, Aawon ak Omné. Li te kite Imni nan legliz Zarayemla a, men, li te mennen twa premye yo avèk li; epi tou li te pran Amilèk ak Zizwòm ki te nan Melèk, ak de nan pitit gason li yo tou.

7 Li pa t pran pi gran pitit gason li a avèk li, sa ki te rele “Elaman an; moun li te pran avèk li yo, te rele Chiblon ak Koryanton; se non moun ki t ale avèk li nan pami ^bZoramit yo pou l al preche yo pawòl la.

8 Kounyeya, Zoramit yo te “separe ak Nefit yo, se poutèt sa, yo te resevwa predikasyon pawòl Bondye a.

9 Men, yo te “tonbe nan gwo erè, paske yo pa t eseye respekte kòmandman Bondye yo ak regleman li yo dapre lalwa Moyiz la.

10 Ni tou, yo pa t vle obsève rès òdonans legliz la yo, pou yo pèsèvere nan lapriyè ak nan siplikasyon devan Bondye chak

jou, pou yo kapab pa t tonbe nan tantasyon.

11 Wi, yo kontrarye chemen Senyè a nan anpil fason; se sa ki lakòz Alma ak frè l yo t ale nan peyi a pou preche yo pawòl la.

12 Kounyeya, lè yo te rive nan peyi a, yo te etone pou yo wè Zoramit yo te bati sinagòg yo, epi yo te rasanble ansanm yon jou nan semèn nan; yo te rele jou sa a, jou Senyè a; epi yo te fè reyinyon yon jan Alma ak frè l yo pa t janm konn wè.

13 Paske, yo te gen yon plas ki bati nan mitan sinagòg la, yon plas pou yo kanpe, ki te pi wo pase tèt yo, epi plas sa a te kapab pran yon sèl moun.

14 Se poutèt sa, nenpòt moun ki te vle “adore, li te monte e l te kanpe, li te louvri de men l anlè nan direksyon syèl la e li te di byen fò:

15 Sen, sen Bondye; nou kwè w se Bondye, e nou kwè w sen, ou te yon lespri, ou se yon lespri e w ap toujou yon lespri pou tout tan.

16 Sen Bondye, nou kwè w te separe nou avèk frè nou yo; e nou pa kwè nan tradisyon frè nou yo, yo te resevwa yo pa mwayen lespri timoun zansèt yo; men, nou kwè w te “chwazi nou pou nou te kapab ^bpitit ki sen ou; epi tou, ou te fè nou konnen pa t ap gen okenn Kris.

17 Ou se menm moun nan depi yè, jodi a, e pou tout tan, e w te

5a Enòs 1:23; Alma 4:19.

GE Preche.

b Ebre 4:12;

Jakòb 2:8;

Alma 36:26.

c Jawòm 1:11–12;

D&A 11:2.

7a GE Elaman, pitit

gason Alma.

b Alma 30:59.

8a Alma 24:30.

9a GE Apostazi.

14a Mat. 6:1–7.

16a Alma 38:13–14.

b Eza. 65:3, 5.

“chwazi nou pou nou te kapab sove, pandan ou te chwazi pou w chase tout moun ki alantou nou yo desann nan lanfè anba kòlè w; poutèt sentete sa a, O, Bondye, nou remèsye w, e nou remèsye w poutèt ou te chwazi nou pou nou te kapab pa detounen nan tradisyon moun fou frè nou yo, ki mare yo nan kwans Kris la, ki fè kè yo detounen lwen ou, Bondye nou an.

18 Epi, anplis, nou remèsye w, O, Bondye poutèt nou se yon pèp chwazi, ki sen. Amèn.

19 Kounyeya, se te konsa, lè Alma ak frè l yo te fin tandè lapriyè sa yo, yo te etone san mezi.

20 Paske chak moun te monte e yo te ofri menm lapriyè a.

21 Plas la te rele Rameyanp-tòm, ki te vle di, estrad ki sen.

22 Sou estrad sa a, chak moun te ofri, menm jan an, menm lapriyè a devan Bondye; yo te remèsye Bondye yo a poutèt li te chwazi yo, e poutèt li pa t detounen yo nan tradisyon frè yo, paske kè frè yo te pèdi nan kwans bagay ki gen pou rive, bagay yo pa t konnen.

23 Kounyeya, lè pèp la te fin ofri remèsiman nan fason sa a, yo te retounen lakay yo, yo “pa t janm pale sou zafè Bondye ankò, jistan yo te rasanble ansanm ankò nan lotèl ki sen an pou yo remèsye pou jan yo te konn fè a.

24 Kounyeya, lè Alma te wè sa, kè l te vin “tris; paske li te wè se te yon pèp ki te mechan,

kòwonpi; wi, li te wè kè yo te sou lò ak lajan ak tout bagay ki te rafine.

25 Wi, epi tou, li te wè kè yo te “gonfle anpil nan chèlbè ak lògèy.

26 Epi, li te leve vwa l anlè nan direksyon syèl la e li te “kriye, li te di: O, konbyen tan, O, Senyè, w ap kite sèvitè ou rete isit la, nan kò sa a, pou l wè gwo mechanste sa a nan pami pitit lè-zòm?

27 Gade, O, Bondye, y ap “kriye nan pye w, men, kè yo nwaye anba lògèy. Gade, O, Bondye, y ap priye w avèk bouch yo, epi kè yo ^bgonfle anpil avèk bagay san valè mond lan.

28 Gade, O, Bondye, rad ki chè, zanno, “braslè, dekorasyon lò ak tout kalite bagay ki chè yo mete nan yo, se sou sa yo mete kè yo, e y ap kriye nan pye w, yo di: Nou remèsye w, O, Bondye paske nou se yon pèp ou chwazi pandan lòt moun yo gen pou yo peri.

29 Wi, e yo di, ou te fè yo konnen p ap gen yon Kris.

30 O Senyè Bondye, konbyen tan w ap kite kalite peche ak enfidelite sa yo rete nan pami pèp sa a? O, Senyè, ban m fòs pou m kapab sipòte enfimite mwen yo. Paske mwen enfim, e peche sa a ki nan pami pèp la, fè nanm mwen lapenn.

31 O, Senyè, kè m fè m mal anpil; rekonfòte nanm mwen “nan Kris la. O, Senyè, ban m fòs pou

17a GE Anven, vanite.

23a Jak 1:21–25.

24a Jen. 6:5–6.

25a Jakòb 2:13;

Alma 1:32.

26a Moyiz 7:41–58.

27a Eza. 29:13.

b GE Lògèy.

28a Eza. 3:16–24.

31a Jan 16:33.

m kapab soufri afliksyon sa yo ki tonbe sou mwen avèk pasyans, poutèt inikite pèp sa a.

32 O, Senyè, rekonfòte nanm mwen, e ban m siksè ak konpayon travayè ki avèk mwen yo—wi, Amon, Aawon, Omnè, Amilèk, Zizwòm ak “de pitit gason m yo—wi, rekonfòte tout moun sa yo nèt, O, Senyè. Wi, rekonfòte nanm yo nan Kris la.

33 Ba yo fòs pou yo kapab sipòte afliksyon k ap vini sou yo poutèt inikite pèp sa a.

34 O, Senyè, “ban nou siksè pou nou kapab mennen yo ba w ankò pa mwayen Kris la.

35 O, Senyè, “nanm yo gen valè, e anpil ladan yo se frè nou; se poutèt sa, O, Senyè, ban nou pouvwa ak lasajès pou nou kapab mennen moun sa yo, frè nou yo ba ou ankò.

36 Kounyeya, se te konsa, lè Alma te fin di bagay sa yo, li te “bat ^bmen l sou tout moun ki te avèk li yo. Epi, gade lè l te bat men l sou yo, yo te chaje avèk Lespri sen an.

37 Apre sa, yo te separe youn ak lòt, yo pa t “kalkile kisa yo dwe manje, kisa pou yo bwè, oubyen kisa pou yo mete sou yo.

38 Epi, Senyè a te pran swen yo pou yo pa t grangou ni tou pou yo pa t swaf; wi, epi tou li te ba yo fòs pou yo pa t soufri okenn kalite “afliksyon, paske afliksyon yo te nwaye nan lajwa Kris la. Se te daprè lapriyè

Alma, poutèt li te priye avèk ^blafwa.

CHAPIT 32

Alma ansenye pòv yo ki gen imilite akoz afliksyon yo—Lafwa se yon esperans nan sa nou pa wè, men ki vre—Alma temwaye, pou fè konnen gen zanj ki preche gason, fi ak timoun—Alma konpare pawòl la avèk yon semans—Yo dwe plante l epi nourri l—Apre sa l ap grandi vin yon pyebwa ki pote fwi lavi etènèl la. Anviwon 74 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, yo t ale, epi yo te kòmanse preche pèp la pawòl Bondye a, yo te antre nan sinagòg yo, ak lakay yo; wi epi yo te menm preche yo pawòl la nan lari yo.

2 Epi, se te konsa, apre anpil travay nan pami yo, yo te kòmanse gen siksè nan pami “klas pòv pèp la; paske gade, yo te mete yo deyò nan sinagòg yo poutèt aparans pòvrete yo—

3 Se poutèt sa, yo pa t gen dwa antre nan sinagòg yo pou yo adore Bondye, paske yo te konsidere kòm salte; paske yo te “pòv; wi, frè yo te konsidere yo tankou fatra; se poutèt sa yo te pòv daprè bagay materyèl; epi tou yo te gen imilite nan kè yo.

4 Kounyeya, pandan Alma t ap ansenye epi li t ap pale avèk pèp la sou kolin Onida a, yon gwo foul te vin jwenn li, ki te moun

32a Alma 31:7.

34a 2 Ne. 26:33.

35a GE Nanm—
Valè nanm.

36a 3 Ne. 18:36–37.

^b GE Men, Enpozisyon.

37a Mat. 6:25–34;

3 Ne. 13:25–34.

38a Mat. 5:10–12;

Mozya 24:13–15;

Alma 33:23.

^b GE Lafwa.

32 2a GE Pòv.

3a Alma 34:40.

nou t ap pale yo, ki te gen “imilite nan kè yo a, poutèt yo te pòv nan zanfè materyèl.

5 Epi yo te vin jwenn Alma; e moun ki te dirijan nan pami yo a te di l konsa: Gade, “kisa pou frè m sa yo fè, paske tout moun meprize yo poutèt yo pòv, wi, e espesyalman prèt yo meprize yo; paske yo ^bchase nou sòti nan sinagòg yo nou te travay anpil pou bati avèk men pa nou yo; epi yo te chase nou paske nou te pòv anpil; e nou pa gen kote pou nou adore Bondye nou an; gade “kisa pou nou fè?

6 Lè Alma te tande sa, li te vire tèt imedyatman gade l, epi li te gade avèk gwo lajwa; paske li te wè “afliksyon te reyèlman ba yo ^bimilite epi yo te ^cprepare pou yo tande pawòl la.

7 Se poutèt sa li pa t di lòt militid la anyen ankò; men, li te lonje men l epi li te pale avèk moun li te gade yo, ki te reyèlman penitan, epi li te di yo konsa:

8 M “wè kè w chanje; epi si se sa, ou beni.

9 Frè w la te mande, kisa pou nou fè?—Paske yo chase nou sòti nan sinagòg nou yo pou nou kapab pa adore Bondye nou an.

10 Reyèlman, m di w konsa, èske w panse ou pa kapab “adore Bondye san w pa andedan sinagòg ou yo?

11 Epi plis pase sa, m ta vle mande w, èske w pa panse se pa

sèlman yon fwa nan semèn nan ou dwe adore Bondye?

12 M di w konsa, li bon pou yo chase w sòti nan sinagòg ou yo, pou kapab gen imilite, epi pou w kapab aprann “lasajès; paske se poutèt sa yo te chase w; frè w yo meprize w paske w ^bpòv anpil, ki fè w gen imilite nan kè w; paske yo fòse pou gen imilite.

13 Epi kounyeya, poutèt ou te oblije gen imilite, ou beni; paske, kèk fwa, si yon moun oblije gen imilite, li chèche repantans; epi kounyeya, reyèlman, nenpòt moun ki repanti ap jwenn mizèrikòd; epi moun ki jwenn mizèrikòd epi ki “pè-severe jiska lafen, moun sa a ap sove.

14 Kounyeya, kòm m te di w, paske w te oblije gen imilite, ou beni, èske w pa panse moun ki reyèlman gen imilite poutèt pawòl la, yo pi beni?

15 Wi, moun ki reyèlman gen imilite, ki repanti nan peche l epi ki pèsevere jiska lafen, moun sa a ap beni—wi, plis anpil pase moun ki oblije gen imilite poutèt yo pòv anpil.

16 Se poutèt sa, moun ki “gen imilite san yo pa oblije gen imilite, yo beni; oubyen, otreman di, moun ki kwè nan pawòl Bondye a, ki batize san fè kè di, wi, san yo pa oblije yo aprann pawòl la, oubyen san yo pa oblije aprann yo kwè, y ap beni.

17 Wi, gen anpil moun ki di: Si

4a GE Pòv—Pòv nan lespri.

5a Pwov. 18:23.

b Alma 33:10.

c Tra. 2:37–38.

6a GE Advèsite.

b GE Enb, imilite.

c Alma 16:16–17;

D&A 101:8.

8a Mat. 5:3–5.

10a GE Adorasyon.

12a Ekl. 4:13.

b Pwov. 16:8.

13a Alma 38:2.

16a GE Enb, imilite.

w montre nou yon ^asiy soti anlè nan syèl la, lè sa n ap konnen tout bon; lè sa n ap kwè.

18 Kounyeya m mande, èske se lafwa? Reyèlman m di w, non; paske si yon moun konnen yon bagay, li pa gen rezon pou l ^akwè, paske li konnen l.

19 Epi kounyeya, konbyen plis yon moun ap modi si l ^akonnen volonte Bondye epi li pa fè l, pase yon moun ki sèlman kwè, oubyen ki gen rezon pou l kwè, epi ki tonbe nan transgresyon?

20 Kounyeya, fè tèt ou travay sou sa. Reyèlman, m di w konsa, menm jan sa ye nan yon bò, se konsa sa ye nan lòt bò a tou; epi chak moun pral resewva rekonsans daprè zèv li.

21 Epi kounyeya, kòm m te di konsènan lafwa a—^alafwa se pa lè moun gen yon konesans total konsènan kèk bagay; paske si w gen lafwa ou ^bespere bagay ou ^cpa wè, men ki vre.

22 Kounyeya, m di w konsa, epi m ta vle pou w sonje, Bondye gen mizèrikòd pou tout moun ki kwè nan non l; se poutèt sa, li vle premyèman, pou w kwè, wi, pou w kwè nan pawòl li menm.

23 Kounyeya, li voye zanj bay lèzòm pawòl li, wi, ^anon sèlman gason yo, men, fi yo tou. Kounyeya, se pa tout la sa; anpil fwa ^bti moun piti yo resewva pawòl, pawòl ki konfonn moun saj yo avèk moun ki enstwi yo.

24 Kounyeya, frè byenneme

m yo, kòm nou te vle m fè nou konnen ki sa nou dwe fè poutèt yo aflije nou epi poutèt yo rejte nou—kounyeya, m pa vle nou sipoze m gen entansyon jije nou sèlman daprè sa ki vre—

25 Paske m pa panse tout moun nan pami nou te oblije gen imilite; paske, m reyèlman kwè gen kèk moun nan pami nou ki t ap gen imilite nan nenpòt sikonsans yo ta ye.

26 Kounyeya, jan m te di konsènan lafwa a—m te di, se pa yon konesans total li ye—se menm jan an tou, pou pawòl mwen yo. Nou pa kapab konnen si yo vrè avèk yon konesans total nan kòmansman, ni tou lafwa se pa yon konesans total.

27 Men, reyèlman, si nou reveye nou, epi si nou aktive kapasite nou yo, menm pou nou teste pawòl mwen yo, epi si nou egzèse yon ti kras lafwa, wi, menm si nou sèlman ^avle kwè, kite santiman sa travay nan nou, jistan nou vin kwè nan yon fason nou kapab fè plas pou yon pòsyon nan pawòl mwen yo.

28 Kounyeya, n ap konpare pawòl la avèk yon ^asemans. Kounyeya, si nou fè plas pou yon ^bsemans plante nan ^ckè nou, reyèlman si se yon semans reyèl oubyen yon bon semans, si nou pa chase l avèk ^denkredilite nou, pou nou pouse Lespri Senyè a, reyèlman, l ap kòmnanse grandi nan kè nou; epi lè nou santi

17a GE Siy.

18a Etè 12:12, 18.

19a Jan 15:22–24.

21a Jan 20:29; Ebre 11.

b GE Esperans.

c Etè 12:6.

23a Jowèl 2:28–29.

b Mat. 11:25; Lik 10:21;

3 Ne. 26:14–16;

D&A 128:18.

27a Mak 11:24.

28a Alma 33:1.

b Lik 8:11.

c GE Kè.

d Mat. 17:20.

devlopman sa yo, n ap kòmanse di tèt nou konsa, se kapab yon bon semans oubyen pawòl la bon, paske li kòmanse devlope nanm mwen; wi li kòmanse eklèsi ‘konpreyansyon m, wi, li kòmanse gen bon gou pou nou.

29 Reyèlman, èske sa pa ta grandi lafwa nou? M di ou, wi; men, li pa grandi vin tounen yon konesans total.

30 Men, reyèlman, kòm semans la devlope, li boujonnen epi li kòmanse grandi, lè sa nou kapab di konsa semans la bon; paske li devlope, li boujonnen epi li kòmanse grandi. Kounyeya, reyèlman, èske sa p ap grandi fwa ou? Wi, l ap ranfòse lafwa nou: paske n ap di konsa, m konnen se yon bon semans; paske reyèlman li boujonnen epi li kòmanse grandi.

31 Kounyeya, reyèlman, èske nou si se yon bon semans? M di nou konsa, wi; paske chak semans pwodwi “plant tankou tèt pa l.

32 Se poutèt sa, si yon semans grandi, li bon, men si l pa grandi, reyèlman, li pa bon, se poutèt sa yo voye l jete.

33 Kounyeya, reyèlman, paske nou eseye teste l, epi nou plante semans la, li devlope epi li boujonnen epi li kòmanse grandi, nou dwe konnen semans la bon.

34 Epi, kounyeya, reyèlman, èske “konesans nou pafè? Wi, konesans nou pafè nan bagay sa, epi ^blafwa nou pa aktif; paske nou konnen, paske nou konnen

pawòl la devlope nanm nou epi tou nou konnen li boujonnen epi konpreyansyon nou kòmanse eklèsi epi ‘panse nou kòmanse devlope.

35 Konsa, èske sa pa reyèl? M di nou, wi, paske se “limyè; epi nenpòt sa ki limyè, li bon, paske ou kapab distenge l, se poutèt sa nou dwe konnen li bon; epi kounyeya, reyèlman, lè nou fin teste limyè sa, èske konesans nou total?

36 Reyèlman, m di nou, non; ni tou nou pa dwe voye lafwa nou sou kote, paske nou te sèlman egzèse lafwa nou pou nou plante semans la pou nou kapab eseye wè si semans la te bon.

37 Epi, reyèlman, kòm plant la kòmanse grandi, n ap di konsa: an nou nourri l avèk anpil swen, pou l kapab fè rasin, pou l kapab grandi, epi pou l kapab ban nou fwi. Kounyeya, reyèlman si nou nourri l avèk anpil swen, l ap fè rasin, l ap grandi epi l ap bay fwi.

38 Men si nou “neglige plant la, epi nou pa panse pou nou nourri l, reyèlman li pa p fè okenn rasin; epi lè chalè solèy la vin boule l, paske li pa gen rasin, l ap seche, epi n ap rache l voye jete.

39 Se pa paske semans la pa t bon, ni tou se pa paske fwi a pa t ap bon; men se paske “tè nou an steril epi nou pa vle nourri plant la, se poutèt sa nou pa kapab gen fwi plant la.

40 Konsa, si nou pa vle nourri pawòl la, si nou pa mete yon je

28e GE Konpreyansyon.

31a Jen. 1:11–12.

34a GE Konesans.

b Etè 3:19.

c GE Panse (lespri).

35a Jan 3:18–21.

GE Limyè, limyè Kris.

38a GE Apostazi.

39a Mat. 13:5.

ki gen lafwa sou fwi a, nou pa p janm kapab rekòlte fwi “pye-bwa lavi a.

41 Men si nou nourri pawòl la, wi, nourri plant la pandan li kòmanse grandi, nan lafwa nou, avèk anpil dilijans, epi avèk “pasyans, si nou mete espwa nou sou fwi a, l ap pran rasin; reyèlman l ap yon plant k ap ^bdevelope pou lavi etènèl.

42 Epi, poutèt “dilijans nou, lafwa nou epi pasyans nou pran pou nou nourri pawòl la, pou l kapab fè rasin nan nou, reyèlman, yon jou n ap rekòlte ^bfwi a, ki pi bon, ki pi dous pase tout bagay dous, epi ki pi blan pase tout bagay blan, wi, epi ki pi sen pase tout sa ki sen; epi n ap fete avèk fwi a jistan vant nou plen, jistan nou pa grangou ankò ni tou jistan nou pa swaf.

43 Lè sa, frè m yo, n ap jwenn rekonpans pou lafwa nou, ak dilijans nou, ak pasyans nou, ak rezistans nou, paske n ap ret tann plant la pwodwi fwi ba nou.

CHAPIT 33

Zenòs di konsa lèzòm dwe priye epi yo dwe adore Senyè a tout kote, epi jijman wete kò l poutèt Pitit Gason an—Zenòk di konsa mizèrikòd desann poutèt Pitit Gason an—Moyiz te leve yon modèl Pitit Gason Bondye a nan dezè a. Anviwon 74 ANVAN JEZIKRI.

LÈ Alma te fin pale pawòl sa yo, yo te voye kote l pou yo konnen si yo dwe kwè nan “yon sèl Bondye, pou yo kapab jwenn fwi li te pale a, oubyen kòman yo ta dwe plante ^bsemans la oubyen pawòl li te pale a, pawòl sa a, li te di ki dwe plante nan kè yo; oubyen nan ki fason yo ta dwe kòmanse egzèsè lafwa yo.

2 Epi, Alma te di yo: Ou te di konsa, ou “pa t kapab adore Bondye nou la paske yo te chase nou nan sinagòg ou yo. Men, m di nou konsa, si nou panse nou pa kapab adore Bondye, nou nan anpil erè, epi nou dwe fouye ^bekriti yo; si nou konprann ekriti yo ansyen ou bagay sa, nou pa konprann yo.

3 Èske nou sonje, nou te li kisa “Zenòs, ansyen pwofèt la te di konsènan lapriyè oubyen ^badorasyon?

4 Paske, li te di: O, Bondye, ou gen mizèrikòd, paske ou tande lapriyè m menm lè m te nan dezè a; wi, ou te gen mizèrikòd lè m te priye pou moun ki te “ennmi m yo, epi ou te fè yo vin jwenn mwen.

5 Wi, O, Bondye, epi ou te gen mizèrikòd lè m te kriye nan pye ou nan “jaden m nan; lè m te kriye nan pye ou nan lapriyè m nan, ou te tande m.

6 Epi ankò, O, Bondye, lè m te lakay mwen, ou te tande m nan lapriyè m.

40a Jen. 2:9;
1 Ne. 15:36.
41a GE Pasyans.
b Alma 33:23;
D&A 63:23.
42a GE Dilijans.

b 1 Ne. 8:10–12.
33 1a 2 Ne. 31:21;
Mozya 15:2–4.
b Alma 32:28–43.
2a Alma 32:5.
b Alma 37:3–10.

3a GE Ekriti yo—
Ekriti pèdi yo;
Zenòs.
b GE Adorasyon.
4a Mat. 5:44.
5a Alma 34:20–25.

7 Epi, lè m te nan “chanm mwen, O, Senyè a, m te priye ou epi ou te tande m.

8 Wi, ou gen mizèrikòd pou pitit ou yo lè yo kriye nan pye ou, pou ou kapab tande yo, non pa pou lèzòm kapab tande yo, ou ap tande yo.

9 Wi, O, Bondye, ou te gen mizèrikòd pou mwen, epi ou te tande lapriye m nan pami kongregasyon ou yo.

10 Wi, epi ou te tande m lè ènmi m yo te “chase m, epi yo te meprize m; wi, ou te tande kriye m epi ou te fache kont ènmi m yo, epi ou te vizite yo nan kòlè ou avèk destriksyon rapid.

11 Ou te tande m poutèt afliksyon m yo ak senserite m; epi poutèt Pitit Gason ou nan, ou te gen mizèrikòd pou mwen, se poutèt sa, ma p kriye nan pye ou nan tout afliksyon m yo paske, se nan ou jwa m ye; paske ou te detounen jijman ou sou mwen poutèt Pitit Gason ou nan.

12 Epi, Alma te di yo: Èske nou kwè “ekriti moun lontan yo te ekri yo?

13 Si ou kwè ladan yo, ou dwe kwè sa “Zenòs te di a; paske, li te di: Ou te detounen jijman ou poutèt Pitit Gason ou nan.

14 Kounyeya, frè m yo, m ta vle mande, èske nou te li ekriti yo? Si nou li yo, kòman nou fè pa kwè nan Pitit Gason Bondye a?

15 Paske ekriti yo “pa di Zenòs

sèlman te pale konsènan bagay sa yo, men ^bZenòk te pale konsènan yo tou—.

16 Reyèlman, li te di konsa: O, Senyè a, ou fache kont pèp sa paske yo pa vle konprann mizèrikòd ou te vide sou yo poutèt Pitit Gason ou nan.

17 Kounyeya, frè m yo, nou wè yon dezyèm ansyen pwofèt te temwaye konsènan Pitit Gason Bondye a, epi paske pèp la pa t vle konprann pawòl li yo, yo te l “apide l jistan l mourir.

18 Men, se pa tout la sa; se pa sèlman moun sa yo ki te pale konsènan Pitit Gason Bondye a.

19 Men, “Moyiz te pale sou sa; wi, epi yon ^bmodèl te “leve nan dezè a pou nenpòt moun ki te leve tèt gade l te kapab viv. Anpil moun te gade l epi yo te viv.

20 Men, yon ti kras moun sèlman te konprann siyifikasyon bagay sa yo, poutèt kè yo te di. Epi, te gen anpil moun ki te tèmman gen kè di, yo pa t vle gade; se poutèt sa, yo te peri. Yo pa t vle gade, paske yo pa t kwè li t ap “geri yo.

21 O, frè m yo, si, sèlman, vire tèt nou gade te kapab geri nou, èske nou pa t ap vire tèt nou byen vit? Oubyen, èske nou ta pito fè kè nou di nan enkwayans, epi pou nou ta fè endolans, pou nou pa ta gade, pou nou kapab peri?

22 Si se sa, malè ap rive nou; men si se pa sa, voye je nou gade

7a Mat. 6:5–6;

Alma 34:26.

10a Alma 32:5.

12a GE Ekriti yo.

13a Alma 34:7.

15a Jakòb 4:4.

b 1 Ne. 19:10; Alma 34:7.

17a GE Matirize, mati.

19a Det. 18:15, 18;

Alma 34:7.

b Nonb 21:9;

2 Ne. 25:20;

Mozya 3:15.

c Jan 3:14; Ela. 8:14–15.

20a 1 Ne. 17:40–41.

epi “kòmanse kwè nan Pitit Gason Bondye a, kwè li gen pou l vin rachte pèp li a, li gen pou l soufri epi pou l mouri pou l kapab ^bekspye pou peche yo; epi li gen pou l ^cleve ankò nan pami mò yo, se sa ki pral reyalize ^drezirèksyon an; tout moun gen pou yo kanpe devan l nan dènye jou jijman an pou l jije yo dapre ^ezèv yo.

23 Kounyeya, frè m yo, m vle pou nou ^aplante pawòl sa nan kè nou, epi lè l kòmanse grandi, nourri l avèk lafwa nou. Epi, l ap vin tounen yon pyebwa k ap ^bgrandi nan nou jis nan lavi etènèl. M mande Bondye pou l fè ^cchay nou kapab vin lejè nan lajwa Pitit Gason li a. Epi nou kapab fè tout bagay sa yo si nou vle. Amèn.

CHAPIT 34

Amilèk temwaye pou fè konnen, se nan Jezikri la pawòl sali a ye—Si yon ekspyasyon pa t fèt, tout moun t ap peri—Tout lafwa Moyiz la pwente sou sakrifis Pitit Gason Bondye a—Plan redanmsyon etènèl la baze sou lafwa ak repantans—Priye pou benediksyon tanporèl ak espiyètèl—Lavi sa a se lè pou lèzòm prepare yo pou yo rankontre Bondye—Travay pou sali ou avèk lakrent devan Bondye. Anviwon 74 ANVAN JEZIKRI.

PASKE, se te konsa, lè Alma te fin pale yo pawòl sa yo, li te chita

atè a, epi ^aAmilèk te kanpe epi l te kòmanse preche yo, li di konsa:

2 Frè m yo, m panse li enposib pou nou gen iyorans nan bagay m te pale konsènan Kris la k ap vini an, moun nou te di nou ki se Pitit Gason Bondye a; wi, m konnen yo te ansenye nou ^abagay sa yo avèk abondans divizyon sa te fèt nan pami nou.

3 Epi, kòm nou te vle frè byen-neme m nan fè nou konnen ki sa nou dwe fè, poutèt aflikasyon nou yo; epi li te yon jan pale avèk nou pou l prepare panse nou; wi, epi li te egzòte nou pou nou gen lafwa ak lapasyans—

4 Wi, tèlman pou nou gen lafwa pou nou ta ^aplante pawòl la nan kè nou, pou nou kapab teste bonte l.

5 Epi nou te wè gwo kesyon ki nan panse nou an, se te si pawòl la rezide nan Pitit Gason Bondye a, oubyen, si p ap gen okenn Kris.

6 Epi tou nou te wè, frè m nan te pwouve nou, nan anpil fason, ^apawòl ki bay sali a rete nan Kris la.

7 Frè m nan te anplwaye pawòl Zenòs yo ak pawòl Zenòk yo, pou l fè konnen se pa mwayen Pitit Gason Bondye a redanmsyon vini, epi tou li te site pawòl Moyiz, pou l pwouve bagay sa yo se verite.

8 Kounyeya, reyèlman, m ap ^atemwaye ba nou, pou m fè

22a Alma 32:27–28.

b Alma 22:14; 34:8–9.

c GE Rezirèksyon.

d Alma 11:44.

e GE Zèv.

23a Alma 33:1; 34:4.

b Alma 32:41;

D&A 63:23.

c Alma 31:38.

34 1a Alma 8:21.

2a Alma 16:13–21.

4a Alma 33:23.

6a Jan 1:1, 14.

8a GE Temwaye.

konnen bagay sa yo se verite. Reyèlman, m di nou konsa, m konnen Kris la gen pou l vini nan pami lèzòm pou l pran transgresyon pèp li a sou tèt li, epi l ap ^bekspye peche mond lan; paske Senyè Bondye te di sa.

9 Reyèlman, li nesesè pou yon ^aekspyasyon te fèt; paske daprè gwo ^bplan Bondye Etènèl la, yon ekspyasyon dwe fèt; san sa, tout mond lan ap peri kanmèm; wi, tout moun fè peche; wi tout moun tonbe epi yo ^cpèdi, epi yo dwe peri si se pa t pou ekspyasyon an ki te dwe fèt.

10 Paske li nesesè pou ta gen yon gwo ^asakrifis final; wi, se pa yon sakrifis moun, ni bèt, ni okenn kalite zwazo; paske se p ap sakrifis lèzòm; men li dwe yon sakrifis ^benfini, yon ^csakrifis etènèl.

11 Pa gen okenn moun ki kapab sakrifye san pa l pou l ekspye peche yon lòt. Si yon moun fè asasina, m ap mande nou, èske lalwa nou an ki ^ajis la, ap touye frè moun nan? M di nou konsa, non.

12 Men lalwa a reklame lavi moun ki te fè ^aasasina a; se poutèt sa pa gen anyen, eksepte yon ekspyasyon enfini ki kapab ekspye peche mond lan.

13 Se poutèt sa, se nesesè pou ta genyen yon gwo sakrifis final,

epi lè sa a pral genyen, oubyen li nesesè pou genyen yon ^afen nan koule san; lè sa ^blalwa Moyiz la pral akonpli; wi, li pral akonpli nèt, chak ti pwen ladan l, epi anyen p ap rete.

14 Reyèlman, se tout ^asiyifikasyon ^blalwa a, chak ti zing pwente sou gwo ^csakrifis final la; epi gwo sakrifis final la se ap Pitit Gason Bondye a, wi, enfini epi etènèl.

15 Epi konsa, li pral pote ^asali pou tout moun ki kwè nan non l; se entansyon dènye sakrifis la, pou l prezante zantray mizèrikòd la, ki pran pye sou lajistis la, epi ki kreye mwayen pou lèzòm kapab gen lafwa pou repantans.

16 Epi konsa, ^amizèrikòd kapab satisfè egzijans ^blajistis, epi li kapab vlope yo anba ponyèt sekirite, pandan sa, moun ki pa gen lafwa pou repantans, li ekspoze anba tout lalwa ki reklame ^clajistis; se poutèt sa, se sèlman pou moun ki gen lafwa pou repantans, gran ^dplan redanmsyon etènèl la te akonpli.

17 Se poutèt sa, se pou Bondye ba nou chans, frè m yo pou nou kapab kòmanse egzèsè ^alafwa nou pou repantans, pou nou kòmanse ^bpriye non sen li a, pou l kapab gen mizèrikòd pou nou;

18 Wi, kriye nan pye l pou

8b GE Ekspyasyon, ekspye.

9a Alma 33:22.

b Alma 12:22-33; Moyiz 6:62.

c GE Chit Adan ak Èv.

10a Moyiz 5:6-7.

b 2 Ne. 9:7.

c GE Sakrifis.

11a Det. 24:16;

Mozya 29:25.

12a GE Ansasen; Pinisyon kapital.

13a 3 Ne. 9:17, 19-20.

b 3 Ne. 15:5.

14a Alma 30:3.

b GE Lwa Moyiz.

c D&A 138:35.

15a GE Sali.

16a GE Mizèrikòd.

b GE Jistis.

c Alma 12:32.

d GE Plan redanmsyon.

17a GE Lafwa.

b GE Priyè.

mizèrikòd; paske li gen pouvwa pou l sove moun.

19 Wi, gen imilite, epi kontinye priye l.

20 Kriye nan pye l pandan nou nan jaden nou, wi, pou tout twoupo bèt nou yo.

21 “Kriye nan pye l lakay nou, wi pou tout moun lakay nou, ni maten, ak midi, ak apre midi.

22 Wi, kriye nan pye l kont pouvwa ènmi nou yo.

23 Wi, “kriye nan pye l kont ^bdyab la, ki se ènmi tout ^clajistis.

24 Kriye nan pye l pou plantasyon nan jaden nou yo, pou nou kapab pwospere ladan yo.

25 Priye pou twoupo bèt nou yo pou yo kapab multipliye.

26 Men se pa tout la sa; nou dwe devèse nanm nou nan ^achanm nou, nan kote sekrè nou epi nan dezè nou yo.

27 Wi epi lè nou p ap kriye nan pye Senyè a, se pou ^akè nou ^bplen meditasyon, panche nan lapriyè tout tan devan l pou byen nou ak byen moun ki bò kote nou yo.

28 Epi, kounyeya, frè byen-neme m yo, pa panse se tout la sa; paske lè nou fin fè tout bagay sa yo, si nou repouse ^amoun ki nan bezwen, moun ki toutouni, epi si nou pa vizite moun ki malad ak moun ki aflije, si nou ^bpa pataje byen nou, lè nou genyen,

avèk moun ki nan bezwen—m di nou konsa si nou pa fè bagay sa yo, reyèlman, ^clapriyè n ap ^danven, epi li p ap itil anyen, epi moun ki nye lafwa a, yo se ipokrit.

29 Se poutèt sa, si nou pa sonje pou nou gen ^acharite, ou tankou pay, pirifikatè a ap voye jete (paske nou san valè) epi l ap foule nou anba pye.

30 Epi kounyeya, frè m yo, m ta vle, apre nou fin resevwa tout temwayaj sa yo, paske ekriti sen yo temwaye konsènan bagay sa yo, pou nou vin pote ^afwi pou repantans.

31 Wi, m ta vle nou vini, pou nou pa fè kè di ankò; paske, reyèlman, jodia se lè ak ^a“jou pou sali nou; epi se poutèt sa si nou repanti epi nou pa fè kè di, imedyatman gwo plan redanmsyon an ap akonpli pou nou.

32 Paske, reyèlman, lavi sa a se lè pou lèzòm ^aprepare yo pou rankontre Bondye; wi, reyèlman jou lavi sa a se jou pou lèzòm fè travay yo.

33 Epi kounyeya, kòm m te di nou an, kòm nou gen tout temwayaj sa yo, se poutèt sa m priye nou pou nou pa ^aranvwaye jou ^brepantans nou jiska lafen; paske apre jou lavi sa a, nou genyen pou nou prepare pou letènite a, reyèlman si nou pa pwofite tan nou nan lavi sa a,

21 *a* Sòm 5:1–3;
3 Ne. 18:21.
23 *a* 3 Ne. 18:15, 18.
b GE Dyab.
c GE Jis, jistis.
26 *a* Mat. 6:5–6.
27 *a* GE Kè.
b GE Medite.

28 *a* GE Pöv.
b GE Fè lacharite,
lacharite.
c Mat. 15:7–8.
d Mowo. 7:6–8.
29 *a* GE Charite.
30 *a* Mat. 3:8;
Alma 13:13.

31 *a* Wom. 13:11–12.
32 *a* 2 Ne. 2:21;
Alma 12:24; 42:4–6.
33 *a* Ela. 13:38;
D&A 45:2.
b GE Repantans,
repanti.

lè sa a ‘nuit ^dtenèb la ap rive kote okenn travay p ap kapab fèt.

34 Ou p ap kapab di n ap repanti lè nou prezante devan siti-yasyon ^aterib sa a, n ap repanti, pou nou retounen jwenn Bondye. Non, nou pa kapab di sa; paske menm lespri ki posede kò nou an, lè nou kite lavi sa a, se menm lespri sa k ap gen pouvwa pou posede kò nou nan mond etènèl la.

35 Paske, si nou ranvwaye jou repantans nou a jistan nou mouri, reyèlman, n ap vin ^asoumèt anba lespri dyab la, epi li ^breklame nou pou li; se poutèt sa, Lespri Senyè a sòti nan nou, epi li pa gen plas nan nou, epi dyab la gen tout pouvwa sou nou; epi se siti-yasyon final mechan yo.

36 Epi m konnen sa, paske Senyè a pa rete nan tanp ^amal-sen, men, li rete nan kè jis yo; wi, epi tou li te di konsa moun ki ^bjis yo pral chita nan wayòm li a, pou yo pa janm sòti deyò; men wòb yo dwe blanchi nan san Ti Mouton an.

37 Kounyeya frè byenneme m yo, m ta vle nou sonje bagay sa yo, pou nou ^atravay pou sali nou avèk krentif devan Bondye epi pou nou pa nye Kris k ap vini an ankò.

38 Pou nou pa ^agoumen ankò kont Sentespri a, men pou nou resevwa l, epi pou nou pran

^bnon Kris la sou tèt nou; pou nou gen imilite jouk nan pousyè tè a, epi pou nou ^aadore Bondye nan nenpòt kote nou ye, nan lespri epi anverite; epi pou nou viv nan ^dremèsiman chak jou, pou tout mizèrikòd ak benediksyon li vide sou nou.

39 Wi, epi tou m egzòte nou, frè m yo, pou nou ^aveye nan lapriyè kontinyèlman, pou nou kapab pa tonbe nan ^btantasyon dyab la, pou l pa pran pouvwa sou nou, pou nou pa soumèt anba men li nan dènye jou a; paske li p ap ba nou ^cokenn bon rekonpans.

40 Epi, kounyeya, frè byenneme m yo, m egzòte nou pou gen ^apasyans, epi pou nou sipòte tout kalite afliksyon; pou nou pa ^brevòlte kont moun ki chase nou yo poutèt nou pòv la, pou nou pa vin pechè tankou yo.

41 Men, pou nou gen pasyans, epi pou nou sipòte afliksyon sa yo, avèk yon esperans fèm, pou nou konnen yon jou, n ap repoze sòti nan tout afliksyon nou yo.

CHAPIT 35

Predikasyon pawòl la detwi riz Zoramit yo—Yo ekspedye konvèti yo, konvèti yo al jwenn pèp Amon an nan Jèchon—Alma tris poutèt mechanste pèp la. Anviwon 74 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, se te konsa, lè Ami-

33c Jan 9:4;

D&A 45:17.

d GE Lanmò espiyityèl;

Tenèb, espiyityèl.

34a Alma 40:13–14.

35a 2 Ne. 28:19–23.

b 2 Ne. 9:9.

36a Mozya 2:37;

Alma 7:21; Ela. 4:24.

b GE Jis, jistis.

37a Filip. 2:12.

38a GE Kontansyon.

b Mozya 5:8;

Alma 5:38.

c GE Adorasyon.

d Sòm 69:30;

D&A 59:7.

GE Rekonesan,

remèsiman.

39a GE Santinèl, veye.

b GE Tantasyon, tante.

c Alma 30:60.

40a GE Pasyans.

b D&A 31:9.

lèk te fin pale pawòl sa yo, yo te retire kò yo nan pami foul la epi yo te vin nan peyi Jèchon an.

2 Wi, epi lè rès frè yo te fin preche Zoramit yo pawòl la, yo te vin nan peyi Jèchon an tou.

3 Epi, se te konsa, apre pati ki pi popilè nan Zoramit yo te fin fè konferans sou predikasyon yo te tandè yo, yo te fache poutèt pawòl la, paske li te detwi "riz yo a, se poutèt sa yo pa t vle koute pawòl yo.

4 Yo te voye rasanble tout moun nan peyi a ansanm, epi yo te fè konferans avèk yo sou pawòl ki te pale yo.

5 Dirijan yo, ak prèt yo, ak enstriktè yo pa t kite pèp la konnen sa yo te vle; konsa, yo te dekouvri sa ki nan panse pèp la an sekre.

6 Epi, se te konsa, lè yo te vin konnen sa tout pèp la te gen nan panse l, yo te chase moun ki an favè pawòl Alma ak frè l yo te pale yo nan peyi a; te gen anpil, epi yo te vini nan peyi Jèchon an tou.

7 Epi, se te konsa, Alma ak frè l yo te enstwi yo.

8 Pèp Zoramit yo te fache kont pèp Amon an ki te nan Jèchon an, epi dirijan an chèf Zoramit yo ki te yon nonm mechan, li te voye di moun Amon yo ki nan Jèchon yo pou yo chase pèp Amon an nan peyi yo a.

9 Li te fè yo anpil menas. Pèp Amon an pa t pè pawòl yo; se poutèt sa, yo pa t chase moun yo, men, yo te resevwa tout pòv Zoramit ki te vin jwenn yo. Yo te

"nouri yo, yo te ba yo rad, yo te ba yo tè pou yo kapab eritye, epi yo te sèvi yo daprè bezwen yo.

10 Bagay sa a te fè Zoramit yo fache kont pèp Amon an, epi yo te kòmanse mete ansanm avèk Lamanit yo, pou fè yo fache kont pèp Amon an tou.

11 Konsa, Zoramit yo ak Lamanit yo te kòmanse fè preparasyon pou lagè kont pèp Amon an epi kont Nefit yo tou.

12 Se konsa disetyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini.

13 Pèp Amon an te kite peyi Jèchon an, epi yo te vini nan peyi Melèk la, epi yo te fè plas nan peyi Jèchon an pou lame Nefit yo, pou yo kapab goumen avèk lame Lamanit ak Zoramit yo; se konsa lagè te kòmanse nan pami Nefit ak Lamanit yo nan dizyuitième ane gouvènman jij yo. "Istwa lagè yo pral ekri apre sa.

14 Alma, Amon, frè yo ak de pitit gason Alma yo te retounen nan peyi Zarayemla a, apre yo te fin sèvi kòm zouti nan men Bondye pou yo mennen "anpil. Zoramit nan repantans; epi tout moun ki te repanti, pèp la te mete yo deyò nan peyi a; men, yo te eritye kote pou yo rete nan peyi Jèchon an, epi yo te pran zam pou yo defann tèt yo ak madanm yo ak pitit yo ak tè yo.

15 Alma te gen l apenn pou ini-kite pèp li a; wi, poutèt lagè ak masak ak chirepit ki te nan pami yo; epi li t al deklare pawòl la,

oubyen Senyè a te voye l pou l deklare pawòl la nan pami tout moun nan tout vil yo; li te wè kè pèp la te kòmanse vin di, epi yo te kòmanse “ofanse poutèt pawòl la te dirèk, kè l te plen avèk chagren.

16 Se poutèt sa, li te fè pitit li yo rasanble ansanm, pou l kapab ba yo “chak responsablite pa yo, pou kont yo, nan afè lajistis. Epi, nou genyen istwa kòmandman li te ba yo daprè rejis pa li yo.

Kòmandman Alma te bay Elaman, pitit gason li a.

Depi nan chapit 36 jouk nan 37.

CHAPIT 36

Alma temwaye bay Elaman konsènan konvèsyon li apre Alma te fin wè yon zanj—Li te soufri doule yon nanm kondane; li te rele non Jezi, epi li te refèt nan Bondye—Gwo lajwa te chaje nanm li—Li te wè yon pakèt kantite zanj ap louwe Bondye—Anpil moun konvèti te goute epi yo te wè menm jan li te goute epi li te wè a. Anviwon 74 ANVAN JEZIKRI.

“PITIT gason m nan, koute pawòl mwen yo; paske, m garanti ou, tout otan ou respekte kòmandman Bondye yo w ap pwospere nan peyi a.

2 M ta vle pou w ta fè tankou m, sonje kaptivite zansèt nou yo; paske yo te nan “esklavaj, epi pèsonn pa t kapab delivre yo, eksepte ^bBondye Abraram, Bondye Izarak ak Bondye Jakòb la, epi li te delivre yo tout bon anba afliksyon yo.

3 Kounyeya, pitit mwen an, Elaman, ou jèn toujou, se poutèt sa, m priye w pou w tande pawòl mwen yo, epi pou w aprann nan men m; paske m konnen, nenpòt moun ki mete konfyans nan Bondye, y ap jwenn sipò nan “traka yo, ak pwoblèm yo, ak afliksyon yo, epi yo pral ^bmonte anlè nan dènye jou a.

4 M pa vle w panse, m “konnen pou kont pa m—Non pa avèk materyèl la, men avèk espirityèl la; non pa avèk panse ^bchanèl la, men avèk panse Bondye.

5 Kounyeya, m di w, si m pa t “fèt nan Bondye, m pa ^bt ap konnen bagay sa yo, men, avèk bouch sen zanj li, Bondye te fè m konnen bagay sa yo. Non pa avèk ^cdiyite pa m.

6 Paske, m t ale tout kote avèk pitit gason Mozya yo, pou m chèche “detwi legliz Bondye a, men, Bondye te voye zanj sen li a pou rete nou.

7 Epi, li te pale avèk nou tankou vwa loray, epi tout tè a te “tranble anba pye nou, epi nou

15a GE Apostazi.

16a GE Entandan, entandans.

36 1a Ela. 5:9–14.

2a Mozya 23:23; 24:17–21.

b Egz. 3:6;

Alma 29:11.

3a Wom. 8:28.

b Mozya 23:21–22.

4a 1 Kor. 2:11;

Alma 5:45–46.

GE Konesans.

b GE Chanèl.

5a GE Fèt ankò, fèt nan Bondye.

b Alma 26:21–22.

c GE Diy, diyite.

6a Mozya 27:10.

7a Mozya 27:18.

tout te tonbe atè, paske ^blakrent Senyè a te anvayi nou.

8 Men, vwa a te di m: Leve. M te leve kanpe, epi m te wè zanj la.

9 Epi, li te di m: Si w pa vle detwi tèt pa w, sispann eseye detwi legliz Bondye a.

10 Epi, se te konsa, m te tonbe atè a; m pa t kapab louvri bouch mwen pou ^a“twa jou ak twa nuit, ni tou m pa t kapab sèvi avèk janm mwen ni ponyèt mwen.

11 Epi, zanj la te di m anpil bagay frè m yo te tande, men, m pa t tande yo; paske, lè m te tande pawòl sa yo—Si w pa vle detwi tèt ou, pa chèche detwi legliz Bondye a ankò a—Yon gwo krent ak etònman te frape m, m te pè pou m pa detwi, m te tonbe atè a, epi m pa t tande anyen ankò.

12 Men, m te kòde anba touman ^a“etènèl, paske nanm mwen te dechire nan dènye limit, epi tout peche m yo te toumante nanm mwen.

13 Wi, m te sonje tout peche ak inikite m yo, yo te fè m ^a“toumante anba soufrans lanfè; wi, m te wè m te fè rebèl kont Bondye, epi m pa t respekte kòmandman sen li yo.

14 Wi, m te touye anpil nan pitit li yo, oubyen, m te fè yo tonbe nan destriksyon; wi, lè fini, inikite m yo te tèlman gwo, lè m te sèlman panse pou m ta vin nan prezans Bondye, sa te toumante

nanm mwen anba yon doulè m pa kapab esplike.

15 O, m te panse, Bondye te ^a“kapab entèdi m, epi nanm mwen ak kò m te kapab elimine pou m kapab pa vin kanpe nan prezans Bondye, pou l jije m dapre ^bzèv mwen.

16 Kounyeya, pou twa jou ak twa nuit, m te kòde anba touman, menm anba doulè yon nanm ki ^adane.

17 Epi, se te konsa m t ap kòde anba touman, pandan rapèl pakèt peche m yo t ap ^a“toumante m, reyèlman, m sonje m te tande pwofesi papa m devan pèp la, konsènan vini yon Jezikri, yon Pitit Gason Bondye ki gen pou l ekspye peche mond lan.

18 Kounyeya, pandan panse m te sou bagay sa a, m te kriye nan kè m: O, Jezi, Pitit Gason Bondye a, gen mizèrikòd pou mwen ki ^a“andedan fyèl anmè a, epi tout kò m mare avèk ^bchenn lanmò etènèl.

19 Kounyeya, reyèlman, lè m te panse bagay sa a, m pa t kapab sonje soufrans mwen yo ankò; wi, m pa t ^a“toumante anba rapèl peche m yo ankò.

20 O, gade yon ^a“lajwa, ak yon limyè mèveye m te wè; wi, nanm mwen te chaje avèk anpil lajwa, ki te konparab avèk kantite lapenn m te genyen yo.

21 Wi, m di, pitit gason m nan, pa t gen anyen pi pike ak pi anmè pase lapenn mwen yo. Wi,

7b GE Krent, krentif—
Krent Bondye.

10a Mozya 27:19–23.

12a D&A 19:11–15.

13a GE Remò.

15a Apok. 6:15–17;

Alma 12:14.

b Alma 41:3;

D&A 1:9–10.

16a GE Danasyon, dane.

17a 2 Kor. 7:10.

18a svd nan yon gro remò.

b 2 Ne. 9:45; 28:22;

Alma 12:11;

Moyiz 7:26.

19a GE Remò.

20a GE Jwa.

epi m di w pitit gason m nan, pa t gen anyen pi dous pase lajwa m te genyen an.

22 Wi, m sonje m te wè, tan-kou papa nou ^aLeyi te wè a, Bondye chita sou twòn li, antoure avèk anpil anpil zanj ki sanble yo t ap chante epi yo t ap louwe Bondye yo a; wi, epi nanm mwen te vle pou l te la tou.

23 Men, ponyèt mwen yo ak janm mwen yo te vin pran ^afòs ankò; m te kanpe sou pye m epi m te fè pèp la konnen m te ^bfèt nan Bondye.

24 Wi, depi lè sa a, jis pou kounyeya, m travay san rete pou m kapab mennen nanm nanm repantans; pou m kapab fè yo ^agoute anpil lajwa m te goute yo, pou yo kapab fèt nan Bondye epi pou yo kapab ^branpli avèk Sentespri a.

25 Wi, kounyeya pitit gason m nan, Senyè a ban m anpil lajwa nan fwi travay mwen;

26 Poutèt ^apawòl m te jwenn yo, anpil moun te fèt nan Bondye, yo te goute jan m te goute a, epi yo wè je nan je, jan m te wè a; se poutèt sa, yo konnen bagay m te pale yo, menm jan m konnen an; epi konesans mwen genyen an, se nan Bondye.

27 Epi, m te jwenn sipò anba tribilasyon ak tout kalite traka ak pwoblèm, wi, epi nan tout kalite afliksyon; wi, Bondye te

delivre m nan prizon, anba esklavaj, ak lanmò; wi, m mete konfyans mwen nan li, epi l ap toujou ^adelivre m.

28 M konnen l ap ^aleve m nan dènye jou a, pou m kapab rete avèk li nan ^blaglwa; wi, ma p louwe l pou tout tan, paske, li te ^cretire zansèt nou yo nan peyi Ejipt, li te anglouti ^dEjipsyen yo nan Lanmè Wouj la; epi li te mennen zansèt nou yo nan tè li te pwomèt yo a avèk pouvwa l; wi, epi li te delivre yo anba esklavaj ak kaptivite tanzantan.

29 Wi, epi tou, li te retire zansèt nou yo nan peyi Jerizalèm nan, avèk pouvwa etènèl li a, li te delivre yo anba ^eesklavaj ak kaptivite tanzantan jouk kounyeya; m toujou sonje kaptivite yo; wi, epi tankou nou dwe toujou sonje kaptivite yo.

30 Kounyeya, pitit gason m nan, se pa tout la sa; paske w dwe konnen, menm jan m konnen an, ^atoutotan ou respekte kòmandman Bondye yo, w ap pwospere nan peyi a; epi ou dwe konnen tou, toutotan ou pa respekte kòmandman Bondye yo, l ap chase w nan prezans li. Epi, se dapwè pawòl li.

CHAPIT 37

Plakderen yo ak lòt ekriti yo prezève pou sove nanm—Jaredit yo

22a 1 Ne. 1:8.

23a Moyiz 1:10.

b Alma 5:14.
GE Fèt ankò, fèt nan Bondye.

24a 1 Ne. 8:12;
Mozya 4:11.

b 2 Ne. 32:5;

3 Ne. 9:20.

GE Sentespri.

26a Alma 31:5.

27a Sòm 34:17.

28a 3 Ne. 15:1.

b GE Glwa.

c Egz. 12:51.

d Egz. 14:26–27.

29a Mozya 24:17; 27:16;
Alma 5:5–6.

30a 2 Ne. 1:9–11;

Alma 50:19–22.

te detwi poutèt mechanste yo—Sèman sekrè yo ak alyans sekrè yo pa dwe vin nan konesans pèp la—Pran konsèy nan men Senyè a nan tout sa w ap fè—Menm jan Lyawona a te gide Nefit yo, se konsa pawòl Jezikri a pral dirije lèzòm nan lavi etènèl. Anviwon 74 ANVAN JEZIKRI.

Epi kounyeya, pitit gason m nan, Elaman, m kòmande w pou w pran ^arejis yo te ^bkonfyè m yo;

2 Epi tou, m kòmande w pou w kenbe rejis pèp sa a menm jan m te fè sou plak Nefi yo, epi kenbe tout bagay sakre m te kenbe yo, menm jan m te kenbe yo a; paske nou kenbe yo pou yon rezon ki ^asaj.

3 Epi ^aplakderen sa yo, ki gen ekriti sa yo, ki gen anrejistremant ekriti sen sou yo a, ki gen jeneraloji zansèt nou yo depi nan kòmansman an—

4 Zansèt nou yo te pwofetize, pou yo pwoteje epi pou yo pase nan yon men al nan yon lòt depi nan yon jenerasyon, jouk nan jenerasyon lòt, pou yo konsève epi pou yo prezève avèk men Senyè a jistan yo ale nan pami tout nasyon, fanmi, lang ak pèp pou yo kapab konnen ^amistè ki ladan yo.

5 Si yo konsève, se pou yo rete klè; wi, epi yo pral rete klè; wi, epi tout plak ki gen ekriti sen yo pral rete klè tou.

6 Kounyeya, ou kapab panse m ^afou; men, m di w konsa, avèk ^bti bagay senp, gwo bagay fèt; epi nan anpil sitiyasyon, bagay ki piti konfonn moun ki saj.

7 Epi, Senyè Bondye a fè yon ^amwayen pou l kapab reyalize gwo objektif etènèl li a; epi avèk bagay ki ^bpiti anpil, Senyè a konfonn moun ki saj, epi li sove anpil nanm.

8 Epi, kounyeya, se te sajès Bondye pou bagay sa yo konsève, paske, yo te ^alouvri memwa pèp sa a wi, epi yo te konvenk anpil moun pou fè yo konnen yo nan erè, epi yo fè yo gen konesans konsènan Bondye pou nanm yo kapab sove.

9 Wi, m di w konsa, si se ^apa t pou bagay ki sou rejis sa yo, ki sou plak sa yo, Amon ak frè l yo pa t ap kapab ^bkonvenk tout kantite milye Lamanit sa yo, pou fè yo konnen tradisyon zansèt yo enkòrèk; wi, rejis sa yo ak ^cpawòl yo mennen yo nan repantans; sa vle di, sa mennen yo nan konesans Senyè a, Bondye yo a, pou yo kapab rejwi nan Jezikri, redanmtè yo a.

10 Epi, kiyès ki pou di si yo p ap sèvi kòm yon mwayen pou mennen anpil milye ladan yo, wi, epi anpil milye nan frè kou rèd nou yo, Nefit yo, ki fè kè yo di nan peche ak inikite yo, nan konesans Redanmtè yo a?

37 1a Alma 45:2-8.

b Mozya 28:20.

2a Enòs 1:13-18;

P—M 1:6-11;

Alma 37:9-12.

3a 1 Ne. 5:10-19.

GE Plak deren.

4a GE Mistè Bondye yo.

6a 1 Kor. 2:14.

b 1 Ne. 16:28-29;

D&A 64:33; 123:15-17.

7a Eza. 55:8-9.

b 2 Wa 5:1-14.

8a 2 Tim. 3:15-17;

Mozya 1:3-5.

9a Mozya 1:5.

b Alma 18:36; 22:12.

c GE Levanjil.

11 M pa fin konnen tout mistè sa yo nèt, se poutèt sa m p ap pale.

12 Li ase si m di sèlman yo konsève pou yon rezon ki saj, rezon sa a, Bondye konnen l; paske li bay “konsèy ki saj nan tout travay li, chemen li yo dwat, epi wout li a se ^byon wonn etènèl.

13 O, sonje, sonje pitit gason m nan, Elaman, kòman kòmandman Bondye yo “egzat. Epi li te di: “Si w respekte kòmandman m yo, w ap ‘pwospere nan peyi a—Men, si w pa respekte kòmandman yo, l ap wete w nan prezans li.

14 Kounyeya, sonje, pitit gason m nan, Bondye te fè w “konfyans avèk bagay sa yo, yo ^bsakre, li te kenbe yo sakre, epi l ap kenbe yo, epi l ap prezève yo pou rezon ki ‘saj pa l, pou l kapab montre jenerasyon k ap vini yo sajès pa l.

15 Epi kounyeya, m di w avèk lespri pwofesi a, si w transgese kòmandman Bondye yo, pouvw Bondye ap wete bagay sa yo ki sakre a nan men w, epi w ap tonbe nan men Satan pou l kapab vannen w tankou pay nan van.

16 Men si w respekte kòmandman Bondye yo, epi w fè dapre jan Senyè a kòmande w avèk bagay sakre sa yo, (paske w dwe fè apèl a Senyè a pou kèlkeswa bagay w ap fè avèk yo),

okenn pouvw sou tè a oubyen nan lanfè pa kapab “wete yo nan men w, paske Bondye gen pouvw pou l akonpli tout pawòl li.

17 Paske, l ap akonpli tout pwomès li gen pou l fè w, paske, li akonpli pwomès li te fè zansèt mwen yo.

18 Paske, li te pwomèt yo, pou l “prezève bagay sa yo pou yon rezon ki saj nan li menm, pou l kapab montre jenerasyon k ap vini yo pouvw a l.

19 Kounyeya, li te akonpli yon objektif, li te restore “anpil milye Lamanit nan konesans verite a; li te montre pouvw l nan yo, epi l ap montre pouvw l nan ^bjenerasyon k ap vini yo, se poutèt sa, y ap konsève.

20 M kòmande w, pitit gason m nan, Elaman, pou w dilijan nan akonplisman tout pawòl mwen yo, epi pou w respekte kòmandman Bondye yo avèk dilijans, jan yo ekri a.

21 Kounyeya, ma p pale avèk ou konsènan “venn kat plak sa yo, pou w kapab kenbe yo, pou mistè, ak zèv tenèb, ak zèv sekre, oubyen zèv ^bsekrè pèp ki te detwi a kapab manifeste devan pèp sa; wi, tout asasina ak vòl, ak piyay ak tout kalite mechanste, ak abominasyon yo kapab manifeste devan pèp sa a; wi, epi pou w konsève ‘entèprèt sa yo.

12a 2 Ne. 9:28;
Jakòb 4:10.
b 1 Ne. 10:19;
Alma 7:20.
13a 2 Ne. 9:41.
b Alma 9:13;
3 Ne. 5:22.

c Mozya 1:7;
Alma 50:20.
14a D&A 3:5.
b GE Sen (adj).
c 1 Ne. 9:3–6.
16a I—JS 1:59.
18a D&A 5:9.

19a Alma 23:5.
b Enòs 1:13;
Mòm. 7:8–10.
21a Etè 1:1–5.
b GE Konbinezon sekrè.
c GE Ourim ak
Toumim.

22 Paske, Senyè a te wè pèp li a te kòmpanse travay nan tenèb, wi, yo te fè asasina an sekre ak abominasyon; se poutèt sa, Senyè a te di konsa, si yo pa repanti, y ap detwi sou sifas tè a.

23 Epi Senyè a te di: Ma p prepare yon wòch pou Gazelèm, sèvitè m nan, yon ^awòch ki pral klere nan fènwa pou l bay limyè, pou m kapab dekouvri bagay frè yo bay pèp k ap sèvi m nan, wi, travay sekre yo, travay fènwa, mechanste yo, ak abominasyon yo.

24 Epi kounyeya, pitit gason m nan, entèprèt sa yo te prepare pou pawòl Bondye te pale yo kapab akonpli; pawòl ki te di konsa:

25 M pral ^awete nan fènwa, epi ma p mete nan limyè, tout travay sekre ak tout abominasyon yo, epi si yo pa repanti, m pral ^bdetwi yo sou sifas tè a, epi ma p mete tout sekre ak abominasyon yo nan limyè devan tout nasyon ki gen pou yo posede peyi a apre sa.

26 Kounyeya, pitit gason m nan, nou wè yo pa t repanti; se poutèt sa, yo te detwi, epi jouk kounyeya, pawòl Bondye te akonpli; wi, abominasyon sekre yo te soti nan fènwa, epi nou konnen yo.

27 Kounyeya, pitit gason m nan, m kòmande w pou w kache tout sèman, ak alyans, ak kontra yo te fè nan abominasyon sekre yo; wi, tout ^asiy ak pwodij yo te fè, kache yo pou pèp sa a

pa konnen yo, pou malè pa fè yo tonbe nan tenèb, pou yo pa detwi tou.

28 Paske, gen yon ^amalediksyon sou tout tè sa a, destriksyon sa a pral tonbe sou tout moun k ap travay nan fènwa, dapre pouvwa Bondye, lè yo fin pouri nèt; se poutèt sa, m pa vle pou pèp sa a ta detwi.

29 Se poutèt sa, ^akache plan sekre sèman moun sa yo, ak alyans yo lwen pèp sa a, epi fè pèp sa a konnen mechanste ak asasina ak abominasyon yo sèlman; epi aprann yo ^bdegoute mechanste, ak abominasyon, ak asasina konsa; epi aprann yo tou, moun sa yo te detwi poutèt mechanste, ak abominasyon, ak asasina yo te fè yo.

30 Paske yo te asasinen tout pwofèt Senyè a ki te vini nan pami yo pou pale konsènan inikite yo, epi san moun yo te touye yo, ap kriye nan pye Senyè a, Bondye yo a, pou vanje kriminèl yo; se konsa, jijman Bondye te desann sou moun ki t ap travay nan fènwa yo epi ki t ap fè konbinezon sekre yo.

31 Wi, epi tè a modi pou tout tan pou moun k ap travay nan fènwa ak konbinezon sekre yo, jistan yo detwi, si yo pa repanti y ap pouri nèt.

32 Pitit gason m nan, sonje pawòl m te pale w yo; pa pran chans kite pèp la konnen plan sekre sa yo, men, aprann yo yon ^arayisman etènèl kont peche ak inikite.

23a Mozya 8:13.

25a D&A 88:108-110.

b Mozya 21:26.

27a Ela. 6:22.

28a Alma 45:16;

Etè 2:7-12.

29a Ela. 6:25.

b Alma 13:12.

32a 2 Ne. 4:31.

33 “Preche yo repantans, ak lafwa nan Senyè a Jezi Jezikri; preche yo pou yo gen imilite, pou yo vin ^bdou epi pou kè yo gen tandrès; preche yo pou yo reziste chak ‘tantasyon dyab la avèk lafwa nan Senyè a Jezikri.

34 Preche yo pou yo pa janm fatigue nan fè bon zèv, men pou yo dou epi pou kè yo gen tandrès paske moun sa y ap jwenn “repo pou nanm yo.

35 O, sonje, pitit gason m nan, aprann “lasajès pandan w jèn; wi, aprann respekte kòmandman Bondye yo pandan w jèn.

36 Wi, “kriye nan pye Bondye pou tout sa w bezwen; wi, fè tout sa w ap fè nan Senyè a, epi nenpòt sa w ap fè, fè l nan Senyè a; wi, dirije pansè w nan Senyè a, mete afeksyon kè w nan Senyè a pou tout tan.

37 “Mande Senyè a konsèy nan tout sa w ap fè, epi l ap dirije w nan sa ki bon; wi, lè w kouche nan nuit, kouche nan Senyè a, pou l kapab pwoteje w nan dòmi; epi lè w leve nan maten, ranpli kè w avèk ^bremèsiman pou Bondye; epi si w fè bagay sa yo, w ap leve nan dènye jòu a.

38 Kounyeya, pitit gason m nan, m gen kèk bagay pou m di sou bagay zansèt nou yo rele boul oubyen direktè a—Oubyen, zansèt nou yo te rele l “Lyawona, ki siyifi yon konpa, epi Senyè a te prepare l.

39 Epi, okenn moun pa kapab fè kalite chedèw sa a; li te prepare pou montre zansèt nou yo ki direksyon yo te dwe fè lè yo t ap vwayaje nan dezè a.

40 Li te fonksyone daprè “lafwa yo nan Bondye; se poutèt sa, si yo te gen lafwa pou yo kwè Bondye te kapab fè zegwi yo pwente nan direksyon yo te dwe ale a, sa te fèt; konsa, yo te gen mirak sa a ak anpil lòt mirak pouvwa Bondye te fè, jòu apre jòu.

41 Men, poutèt mirak sa yo te fèt nan “ti mwayen, sa te montre yo gwo bagay. Yo te parese epi yo te bliye egzèsè lafwa yo avèk dilijans, epi gwo travay sa yo te sispann, epi yo pa t pwogrese nan vwayaj yo;

42 Se poutèt sa, yo te rete nan dezè a, oubyen yo pa t vwayaje nan bon direksyon, epi yo te aflije anba grangou ak swaf poutèt transgresyon yo.

43 Kounyeya, pitit gason m nan, m ta vle w konprann, bagay sa yo pa san resanblans; lè zansèt nou yo te fè parès tan pou yo ta bay konpa a atansyon an, (se te bagay tanporèl) yo pa t pwospere; se menm jan pou bagay espiritiyèl.

44 Paske, li fasil pou w koute “pawòl Jezikri a k ap montre w chemen dwat bonè etènèl la, tank li te fasil pou zansèt nou yo okipe konpa ki t ap dirije yo nan chemen dwat tè pwomiz la.

33a GE Preche.

b GE Dou, dousè.

c GE Tantasyon, tante.

34a Sòm 37:4–7;

Mat. 11:28–30.

35a GE Sajès.

36a GE Priyè.

37a Jakòb 4:10;

D&A 3:4.

b D&A 46:32.

38a 1 Ne. 16:10; 18:12;

D&A 17:1.

40a 1 Ne. 16:28.

41a Alma 37:6–7.

44a Sòm 119:105;

1 Ne. 11:25;

Ela. 3:29–30.

45 Kounyeya, m di, èske pa gen yon resanblans nan bagay sa a? Paske menm jan direktè sa a te mennen zansèt nou yo nan tè pwomiz la, lè yo te suiv li a, se konsa pawòl Kris la ap mennen nou lòtbò vwal lapenn sa a, nan yon pi bon tè pwomiz, si nou suiv yo.

46 O, pitit gason m nan, an nou pa fè "parès poutèt ^bchemen an fasil; paske se konsa sa te ye pou zansèt nou yo; se konsa li te prepare pou yo, pou yo te kapab gade pou yo gen ^clavi; se konsa sa ye pou nou. Chemen an te prepare, epi si nou gade, n ap gen lavi pou tout tan.

47 Kounyeya, pitit gason m nan, pran swen bagay sakre sa yo, wi, gade Bondye pou w kapab viv. Ale nan pami pèp sa a, deklare pawòl la epi gen pri-dans. Pitit gason m nan, orevwa.

Kòmandman Alma te bay Chiblon, pitit gason li a.

Tout chapit 38 la.

CHAPIT 38

Moun te pèsèkite Chiblon poutèt li te jis—Se nan Jezikri a moun sove; Jezikri a se lavi ak limyè mond lan—Bride tout pasyon ou yo. Anviwon 74 ANVAN JEZIKRI.

PITIT gason m nan, koute pawòl

mwen yo, paske, m di w, menm jan m te di Elaman, toutotan ou respekte kòmandman Bondye yo, w ap pwospere nan peyi a; epi tout otan ou pa respekte kòmandman Bondye yo, l ap chase w nan prezans li.

2 Kounyeya, pitit gason m nan, m kwè m ap gen anpil lajwa nan ou poutèt dwati w ak lafwa w nan Bondye, paske jan ou te kòmanse chèche Senyè Bondye w la pandan ou jèn nan, se konsa, m espere w ap "kontinye respekte kòmandman yo, paske, moun ki ^bpèsèvere jiska lafen ap beni.

3 M di w, pitit gason m nan, m deja gen anpil lajwa nan ou poutèt lafwa w ak dilijans ou, ak pasyans ou, ak rezistans ou nan pami pèp "Zoramit la.

4 Paske, m konnen w te nan esklavaj; wi, m konnen tou, yo te voye wòch dèyè w poutèt pawòl la; epi w te sipòte tout bagay sa yo avèk "pasyans, paske Senyè a te ^bavèk ou; kounyeya, ou konnen Senyè a te delivre ou.

5 Kounyeya, pitit gason m nan, Chiblon, m ta vle pou w sonje, toutotan ou mete "konfyans ou nan Bondye, se otan w ap ^bdelivre anba traka w yo, ak "pwoblèm ou yo, ak afliksyon ou yo, epi w ap leve nan dènnye jou a.

6 Kounyeya, pitit gason m nan, m pa ta vle pou w panse, m konnen bagay sa yo pou kont pa m, men, se Lespri Bondye

46a 1 Ne. 17:40–41.

b Jan 14:5–6;

2 Ne. 9:41; 31:17–21;
D&A 132:22, 25.

c Jan 11:25;

Ela. 8:15;

3 Ne. 15:9.

38 2a Alma 63:1–2.

b 2 Ne. 31:15–20;

3 Ne. 15:9;

27:6, 16–17.

3a Alma 31:7.

4a GE Pasyans.

b Wom. 8:35–39.

5a Alma 36:27.

GE Konfyans, konfyè.

b Mat. 11:28–30.

c D&A 3:8; 121:7–8.

nan mwen ki fè m konnen bagay sa yo; paske, si m pa t “fèt nan Bondye, m pa t ap konnen bagay sa yo.

7 Men, Senyè a, nan gwo mi-zèrikòd li, li te voye “zanj li pou deklare m, m dwe mete fren nan travay ^bdestriksyon k ap fèt nan pami pèp sa a; wi, epi m te wè yon zanj fasafas, li te pale avèk mwen, vwa l te tankou loray epi li te souke tout tè a.

8 Epi, se te konsa, m te pase twa jou ak twa nuit nan lapenn ak angwas ki pi anmè nanm mwen te kapab santi, epi m pa t janm resevwa “padon pou peche m yo, jistan m te kriye nan pye Senyè a, Jezikri pou mi-zèrikòd. M te kriye nan pye l, epi m te jwenn lapè pou nanm mwen.

9 Kounyeya, pitit gason m nan, m di w sa, pou w kapab aprann sajès, pou kapab aprann nan men m, pa gen “okenn lòt chemen oubyen mwayen ki kapab sove lèzòm, sèlman nan Kris la. Gade li se lavi ak ^blimyè mond lan. Li se pawòl verite ak lajistis.

10 Jan ou te kòmanse preche pawòl la, konsa m ta vle w kontinye preche; epi m ta vle pou w gen tanperans nan tout bagay.

11 Pa gonfle kò w avèk lògèy; wi, pa fè “lwanj pou lasajès pa w, ni pou pakèt fòs ou.

12 Pale kare, men pa depase

limit ou, epi bride pasyon ou yo pou w kapab chaje avèk lanmou; pa fè parès.

13 Pa priye tankou Zoramit yo, paske w wè yo priye pou moun kapab tandè yo, epi pou moun kapab louwe lasajès yo.

14 Pa di: O, Bondye, m remèsye w poutèt nou “pi bon pase frè nou yo; men, di pito: O, Senyè a, padone ^bendiyite m, epi gen mi-zèrikòd pou frè m yo—wi, rekonèt endiyite w devan Bondye tout tan.

15 M mande Senyè a pou l beni nanm w, epi pou l resevwa ou nan wayòm li nan dènye jou a, pou w chita nan lapè. Kounyeya, ale, pitit gason m nan, epi preche pèp sa a pawòl la. Kite panse w klè, pitit gason m nan, orevwa.

Kòmandman Alma te bay Koryanton, pitit gason li a.

Depi nan chapit 39 jouk nan finisman chapit 42.

CHAPIT 39

Peche seksyèl se yon abominasyon—Peche Koryanton yo anpeche Zoramit yo resevwa pawòl la—Redanmsyon Jezikri a pral sove kwayan yo ki te viv redanmsyon an. Anviwon 74 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, pitit gason m nan, m gen plis bagay pou m di w pase

6a Alma 36:26;

D&A 5:16.

GE Fèt ankò, fèt nan Bondye.

7a Mozya 27:11–17.

b Alma 26:17–18;

36:6–11.

8a GE Remisyon peche yo.

9a Ela. 5:9.

b Mozya 16:9.

11a GE Lògèy.

14a Alma 31:16.

b Lik 18:10–14.

sa m te di frè w la; paske, reyèlman, èske w pa t wè dwati frè w la, konfyans li, ak dilijans li nan respekte kòmandman Bondye yo? Reyèlman èske li pa t sèvi bon egzanp pou ou?

2 Paske, ou pa t bay pawòl mwen yo anpil atansyon jan frè w la te fè nan pami pèp "Zoramit la. Kounyeya, se bagay sa a m gen kont ou; ou t ap mache fè chèlbè pou fòs ou ak lasajès ou.

3 Men, se pa tout la sa, pitit gason m nan. Ou te fè bagay ki grav devan m; paske, ou te abandone ministè a, epi w t ale nan peyi Siwon an, sou fwontyè Lamanit yo, dèyè "postitye ki rele Izabèl la.

4 Wi, li te "vòlè kè anpil moun; men, ou pa gen okenn rezon, pitit gason m nan. Ou te dwe rete nan ministè w te gen pou w okipe a.

5 Èske w pa konnen, pitit gason m nan, "bagay sa yo se abominasyon devan je Senyè a; wi, se peche ki pi abominab pase tout lòt peche, eksepte koule san inosan, oubyen nye Sentespri a.

6 Paske reyèlman, si w "nye Sentespri a, apre li te fin gen plas nan ou, epi w konnen ou nye l, se yon peche ^benpadonab; wi, epi nenpòt moun ki fè asasina, ki gen limyè ak konesans Bondye, li pa fasil pou l jwenn "padon; wi, m di konsa, pitit gason m nan, li pa fasil pou l jwenn padon.

7 Epi kounyeya, pitit gason m nan, m mande Bondye pou pa t gen "tò nan gwo krim sa a. M pa ta pèsiste sou krim ou yo pou m pa toumante nanm ou, si se pa t pou byen ou.

8 Men reyèlman, ou pa kapab kache krim ou yo devan Bondye; epi si pa repanti y ap sèvi kòm temwayaj kont ou nan dènye jou a.

9 Kounyeya, pitit gason m nan, m ta vle pou repanti, pou kite peche yo, epi pou w sispann pousuiv "anvi, men, pou w ^bbride pasyon w nan tout bagay sa yo; paske si w pa fè sa, pa gen okenn mwayen pou w eritye wayòm Bondye a. O, sonje, pran responsablite, epi retire kò w nan bagay sa yo.

10 Epi m kòmande w pou w pran responsablite pou w pran konsèy nan men gran frè w yo nan sa w ap fè, paske w jèn epi w an bezwen pou frè w yo nourir w. Epi koute konsèy yo.

11 Pa kite okenn bagay san valè oubyen bagay fou pote w ale; pa kite dyab la pote kè w ale ankò dèyè postitye mechan sa yo. O, pitit gason m nan, gade ki gwo inikite te mete sou "Zoramit yo; paske, lè yo te wè ^bkonduit ou, yo pa t vle kwè nan pawòl mwen yo.

12 Epi kounyeya, Lespri Senyè a di m konsa: "Kòmande pitit ou yo pou yo fè byen, pou yo pa mennen kè anpil moun nan

39 2a Alma 38:3.

3a GE Sansyalite, sansyèl.

4a Pwov. 7:6-27.

5a GE Imoralite seksyèl.

6a D&A 76:35-36.

b GE Peche enpadonab.

c D&A 64:10.

GE Padon.

7a GE Remò.

9a GE Chanèl.

b 3 Ne. 12:30.

11a Alma 35:2-14.

b Wom. 2:21-23; 14:13; Alma 4:11.

12a GE Ansenye, enstriktè; Kòmandman Bondye yo.

destriksyon; se poutèt sa, m kòmande w, pitit gason m nan, avèk lakrent devan Bondye, pou w sispann inikite yo;

13 Pou w vin jwenn Senyè a avèk tout panse, pouvwa w, epi fòs ou; pou w pa mennen kè okenn lòt moun fè mechanste; men, okontrè, retounen al jwenn yo, epi “rekonèt fot ou ak mal ou te fè.

14 Pa “chèche richès ni bagay san valè mond sa a; paske reyèlman, ou pa kapab pote yo avèk ou.

15 Kounyeya, pitit gason m nan, m vle di w kèk bagay sou vini Kris la. Reyèlman, m di w konsa, se li menm k ap vin efase peche mond lan; wi, li vini pou deklare pèp li a bon nouvèl sali.

16 Kounyeya, pitit gason m nan, se apèl sa a w te resevwa, pou w deklare pèp sa a bon nouvèl, pou w prepare lespri yo; oubyen pou yo kapab gen sali, pou yo kapab prepare panse “pitit yo pou tande pawòl la lè l ap vini an.

17 Kounyeya, m ap soulaje panse w konsènan bagay sa a, reyèlman, w etone poutèt nou dwe konnen bagay sa a davans. Reyèlman, m ap mande w, èske yon nanm kounyeya pa enpòtan pou Bondye menm jan yon nanm ap ye lè l ap vini an?

18 Èske li pa nesesè pou pèp sa a konnen plan redanmsyon an menm jan avèk pitit yo?

19 Èske li pa fasil kounyeya pou Senyè a voye zanj li de-

klare bòn nouvèl sa yo ban nou menm jan avèk pitit nou yo oubyen menm jan avèk apre lè li fin vini an?

CHAPIT 40

Jezikri a reyalize rezirèksyon tout moun—Mò ki jis yo, ale nan paradi epi mechan yo ale deyò nan tenèb pou yo ret tann jou rezirèksyon yo a—Tout bagay pral restore nan nòminal yo, nan yon eta pafè, lè Rezirèksyon an. Anviwon 74 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, pitit gason m nan, men kèk bagay plis m ta vle di w; paske, m sispèk panse w toumante konsènan rezirèksyon mò yo.

2 Reyèlman, m di w konsa, pa gen rezirèksyon—oubyen, m ta di konsa, kò mòtèl sa a pa p vin “imòtèl, koripsyon sa a pa p ^bvin enkoriptib jouk “apre Kris la vini.

3 Reyèlman, li reyalize “rezirèksyon mò yo. Men, koute, pitit gason m nan, rezirèksyon an pòko ap fèt. Kounyeya, m louvri yon mistè ba ou; men, gen anpil ^bmistè ki “kache pou okenn moun pa konnen yo, eksepte Bondye limenm. Men, m montre w yon bagay m te mande Bondye avèk dilijans pou l fè m konnen—se konsènan rezirèksyon an.

4 Reyèlman gen yon dat ki tabli pou tout moun sòti anba lanmò. Kounyeya pa gen moun

13a Mozya 27:34–35.

14a Mat. 6:25–34;
Jakòb 2:18–19;
D&A 6:6–7;
68:31–32.

16a GE Fanmi—
Responsablite
paran yo.

40 2a Mozya 16:10–13.

GE Imòtalite, imòtèl.

b 1 Kor. 15:53–54.

c 1 Kor. 15:20.

3a GE Rezirèksyon.

b GE Mistè Bondye yo.

c D&A 25:4; 124:41.

ki konnen nan ki dat lè sa a ap rive; men Bondye ^akonnen dat ki te tabli a.

5 Kounyeya, menm si gen yon dat, yon ^adezyèm dat oubyen yon twazyèm dat pou lèzòm sòti nan tonb yo, se pa sa ki enpòtan; paske Bondye ^bkonnen tout bagay sa yo; epi li ase pou mwen pou m konnen se konsa sa ye—gen yon dat ki tabli pou tout moun leve sòti nan tonb yo.

6 Kounyeya, dwe gen yon espas tan pandan apre lanmò a ak lè rezirèksyon an.

7 Epi kounyeya, m ap mande, ki sa k pral pase ^ananm lèzòm depi nan dat lanmò sa a jouk nan dat ki te tabli pou rezirèksyon an?

8 Kounyeya, menm si gen yon dat ki tabli pou lèzòm leve sòti nan tonb yo, se pa sa ki enpòtan; paske tout moun pa mouri menm dat, epi se pa sa ki enpòtan; Tout espas tan se tankou yon sèl jou pou Bondye, epi se sèlman lèzòm ki mezire tan.

9 Konsa, gen yon dat tabli pou lèzòm leve sòti nan tonb yo; epi gen yon espas tan depi nan dat lanmò a jouk nan dat rezirèksyon an. Kounyeya, pandan espas tan sa a, sa k pral pase nanm lèzòm, se bagay sa m te mande Senyè a avèk dilijans pou l fè m konnen; epi se bagay sa m konnen an.

10 Epi lè dat la rive pou tout moun leve, lè sa a y ap konnen Bondye konnen tout ^atan ki te tabli pou lèzòm nan.

11 Kounyeya, daprè sa k pral pase nanm yo pandan espas tan ant ^alanmò ak rezirèksyon an—Reyèlman yon zanj te fè m konnen, sito lespri tout moun kite kò mòtèl sa a, wi, lespri tout moun, menm si yo bon oubyen move, y ale ^blakay Bondye sa ki te ba yo lavi a.

12 Epi lè sa a, se pral konsa, lespri moun ki jis yo antre nan yon lavi ^bbyennere ki rele ^bparadi, yon lavi ^crepo, yon lavi ^dlapè, pou yo repoze apre tout pwoblèm yo, epi apre tout sousi ak lapenn yo.

13 Epi lè sa a, se pral konsa, lespri mechan yo, wi, moun ki mechan yo—paske reyèlman, yo pa gen okenn pati ni pòsyon nan Lespri Senyè a; paske, yo te chwazi move zèv tan pou yo ta chwazi byen; se poutèt sa, lespri dyab la te antre nan yo, epi li pran posesyon lakay yo—epi moun sa yo pral ^adeyò nan fènwa; pral gen ^bkriye, rele ak sere dan, poutèt inikite pa yo, paske volonte dyab la te mennen yo kaptif.

14 Kounyeya, se sitiyasyon nanm ^amechan yo, wi, fènwa, epi yon eta terib, ak ^blakrent pou yo rete tann move endiyasyon

4a Jan 5:28-29.

5a Mozya 26:24-25;
D&A 43:18; 76:85.

b GE Bondye, Divinite.

7a Alma 40:21;

D&A 138.

GE Nanm.

10a Tra. 17:26.

11a Lik 16:22-26;

1 Pyè 3:18-19; 4:6;
D&A 76:71-74; 138.

b Ekl. 12:7;

2 Ne. 9:38.

12a GE Jwa.

b GE Paradi.

c GE Repo.

d D&A 45:46.

GE Lapè.

13a GE Lanfè.

b Mat. 8:12;

Mozya 16:2.

14a D&A 138:20.

b Jakòb 6:13;

Moyiz 7:1.

ak kòlè Bondye tonbe sou yo; konsa, yo rete nan ‘eta sa a, menm jan moun ki jis yo rete nan paradi a jistan lè rezirèksyon yo a rive.

15 Kounyeya, gen moun ki te konprann sitiyasyon byennere ak sitiyasyon malere nanm yo rezirèksyon sa a, se premye rezirèksyon an. Wi, m dakò yo kapab rele l yon rezirèksyon, lè lespri a oubyen nanm nan monte epi yo twouve yo nan yon sitiyasyon byennere oubyen malere daprè pawòl ki te pale yo.

16 Epi ankò, reyèlman, pawòl la te pale, pou fè konnen pral gen yon ‘premye^b rezirèksyon, yon rezirèksyon tout moun ki te fèt oubyen ki te egziste oubyen ki gen pou yo fèt depi dat rezirèksyon Kris la nan pami mò yo.

17 Kounyeya, nou pa kapab panse premye rezirèksyon sa a, yo te pale konsa a, se pral rezirèksyon nanm yo ak ‘tablisman yo nan bonè oubyen mizè. Ou pa kapab panse se sa sa vle di.

18 Reyèlman, m di w non; men, sa siyifi reyinyon lespri a avèk kò a, pou moun depi nan epòk Adan jouk nan ‘rezirèksyon Kris la.

19 Kounyeya, m pa di si lespri ak kò moun nou t ap pale yo, ni moun mechan yo, ak moun ki jis yo pral reyini ansanm yon sèl kou; li ase pou m di konsa yo tout pral leve; oubyen, rezirèksyon yo pral reyalize ‘anvan

rezirèksyon moun ki te mouri apre rezirèksyon Kris la.

20 Kounyeya, pitit gason m nan, m pa di konsa rezirèksyon moun sa yo pral fèt lè rezirèksyon Kris la; men, m bay opinyon m sou moun ki jis yo, pou m fè konnen, lespri yo ak kò yo pral reyini nan dat lè rezirèksyon Kris la ak nan dat l ap ‘monte nan syèl la.

21 Men, m pa di si se menm dat avèk rezirèksyon l nan oubyen apre; men, m sèlman konnen pral gen yon ‘espas tan ant lanmò avèk rezirèksyon kò yo, epi nanm yo pral nan yon lavi^b byennere oubyen ‘malere dat jistan lè Bondye te tabli a rive pou mò yo leve, pou lespri yo ak kò yo reyini, epi pou y al ‘prezante devan Bondye epi pou yo sibi jijman daprè zèv yo.

22 Wi, bagay sa a reyalize restorasyon bagay sa yo bouch pwofèt yo te pale a.

23 ‘Lespri a pral^b restore avèk ‘kò a, epi kò a avèk lespri a; wi, epi chak manm ak jwenti pral restore nan kò pa l; wi, menm yon cheve nan tèt yo p ap pèdi; okontrè, tout bagay pral restore nan kò a pafètman.

24 Kounyeya, pitit gason m nan, se restorasyon bouch pwofèt yo te ‘pale a—

25 Epi lè sa a, moun ki jis yo pral briye nan wayòm Bondye a.

26 Men, reyèlman, yon ‘lanmò

14c Alma 34:34.

16a Jakòb 4:11;
Mozya 15:21–23.

b GE Rezirèksyon.

17a D&A 76:17, 32, 50–51.

18a Mat. 27:52–53.

19a Mozya 15:26.

20a GE Asansyon.

21a Lik 23:39–43.

b GE Paradi.

c GE Lanfè.

d Alma 42:23.

23a svd espri.

D&A 88:15–17.

GE Nanm.

b 2 Ne. 9:12–13;

Alma 11:40–45.

c GE Kò.

24a Eza. 26:19.

26a 1 Ne. 15:33;

Alma 12:16.

terib pral tonbe sou moun mechan yo; paske yo mouri dapre zafè lajistis; paske yo pa pwòp, epi okenn bagay ki ^bpa pwòp pa kapab eritye wayòm Bondye a; okontrè yo chase deyò, epi yo oblije manje fwi zèv yo, oubyen travay yo, ki te move; epi yo bwè ma anmè a.

CHAPIT 41

Nan Rezirèksyon an, lèzòm pral leve nan yon eta byennere san fen oubyen malere san fen—Inikite pa t janm bonè—Moun chanèl pa gen Bondye nan mond lan—Nan Restorasyon an, chak moun pral resevwa karakteristik ak kalite yo te posede nan lavi mòtèl la. Anviwon 74 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, pitit gason m nan, m gen kèk bagay pou m di konsènan restorasyon nou te pale a; Reyèlman gen kèk moun ki te ^achanje ekriti yo, epi yo te ^bpèdi lwen poutèt bagay sa a. Epi m sisipèk panse w twouble konsènan bagay sa a. Men, m ap espliche w li.

2 M di w konsa, pitit gason m nan, plan restorasyon an nesese pou lajistis Bondye a; paske li nesese pou tout bagay restore nan lòd pa yo. Reyèlman li nesese epi li jis, dapre pouvwa ak rezirèksyon Kris la, pou lespri lèzòm kapab restore nan kò yo, epi pou chak ^apati nan kò a restore nan kò a.

3 Epi li nesese nan ^alajistis Bondye a, pou Bondye ^bjije lèzòm dapre ^czèv yo; epi si zèv lèzòm te bon nan lavi sa a, epi si santiman kè yo te bon, pou yo te kapab ^drestore nan sa ki bon, nan dènye jou a.

4 Epi, si zèv yo move, zèv yo ap ^arestore pou yo pou sa ki mal. Konsa, tout bagay yo restore nan lòd pa yo, chak bagay nan fòm nòmal li—^bmòtalite pral leve nan imòtalite, ^ckoripsyon nan enkoripsyon—yo pral leve nan bonè san ^dfinisman, pou yo eritye wayòm Bondye a, oubyen mizè san finisman pou yo eritye wayòm dyab la, youn nan yon bò, lòt la nan yon lòt bò—

5 Youn leve nan bonè, dapre santiman li genyen pou bonè, oubyen pou byen dapre santiman li genyen pou byen; epi lòt la pou mal, dapre santiman li genyen pou mizè; paske, kòm li te vle fè mal tout lajounen se menm jan an l ap resevwa rekonpans pou mal li lè nuit la rive.

6 Epi se menm jan an lòt kote a tou. Si l te repanti nan peche l yo, epi li te vle lajistis jouk nan finisman lavi l, se konsa l ap resevwa rekonpans nan lajistis.

7 ^aSe moun sa yo Senyè a rachte; wi se moun sa yo ki soti, ki delivre anba nuit fènwa san finisman sa a; epi konsa, yo kanpe oubyen yo tonbe; paske, ou wè,

26b Alma 11:37.
41 1a 2 Pyè 1:20; 3:16;
Alma 13:20.
b GE Apostazi.
2a Alma 40:23.
3a GE Jistis.

b GE Jij, jijman;
Responsab,
responsablite.
c GE Zèv.
d Ela. 14:31.
4a Alma 42:28.

b 2 Ne. 9:12-13;
D&A 138:17.
GE Rezirèksyon.
c 1 Kor. 15:51-55.
d GE Lavi etènèl.
7a D&A 76:50-70.

yo se jij ^btèt pa yo, pou yo fè byen oubyen mal.

8 Kounyeya, dekrè Bondye yo “enchanjab; konsa, chemen an prepare pou nenpòt moun ki vle mache ladan l epi pou yo sove.

9 Kounyeya, pitit gason m nan, pa riske “yon lòt ofans kont Bondye w la sou pwèn doktrin sa yo ankò, kote w te deja riske fè peche a.

10 Pa panse, paske nou te pale konsènan restorasyon an, w ap restore sòti nan peche pou w al nan bonè. Reyèlman, m di w konsa, “inikite pa t janm bay bonè.

11 Epi kounyeya, pitit gason m nan, tout moun ki nan yon eta “natirèl, oubyen m ta di yon ^beta chanèl, yo andedan yon fyèl anmè epi yo anba kòd esklavaj inikite; yo ‘san Bondye nan mond lan, epi yo opoze avèk nati Bondye; se poutèt sa yo nan yon sityasyon ki opoze avèk bonè.

12 Kounyeya, m ap mande w, èske mo restorasyon an vle di konsa, pran yon bagay ki nan yon eta natirèl pou mete l nan yon eta ki pa natirèl oubyen plase l nan yon eta ki opoze avèk nati l?

13 O, pitit gason m nan, se pa konsa sa ye; men, mo restorasyon an vle di, fè mal retounen nan mal, oubyen chanèl nan chanèl, oubyen dyabolik nan dyabolik—byen nan sa ki byen; lajistis

nan sa ki jis; mizèrikòd nan sa ki gen mizèrikòd.

14 Se poutèt sa, pitit gason m nan, fè yon jan pou w gen mizèrikòd pou frè w yo; “fè zafè ki jis, ^bjije avèk lajistis, epi “fè byen tout tan; epi si w fè tout bagay sa yo w ap resevwa rekonpans ou; wi “mizèrikòd ap restore pou ou ankò; lajistis ap restore pou ou ankò; yon jijman ki jis ap restore pou ou ankò, epi w ap resevwa byen kòm rekonpans ankò.

15 Paske, sa w voye deyò pral retounen jwenn ou ankò, epi l ap restore; se poutèt sa, mo restorasyon an pi konplètman kondane pechè yo epi li pa jistifye yo ditou.

CHAPIT 42

Mòtalite se yon tan eprèv pou pèmèt lèzòm pou yo repanti epi pou yo sèvi Bondye—Chit Adan an mennen lanmò tanporèl ak lanmò espiryèl sou tout limanite—Redanmsyon vini pa mwayen repantans—Bondye pou tèt pa Li ekspye peche mond lan—Mizèrikòd se pou moun ki repanti—Tout lòt moun dwe soumèt yo anba lajistis Bondye—Mizèrikòd vini akòz Ekspyasyon an—Se sèl moun ki repanti toutbon ki sove. Anviwon 74 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, pitit gason m nan, m sispèk gen kèk bagay plis ki twouble panse w, kèk bagay ou pa kapab konprann—ki konsène

7b 2 Ne. 2:26;
Alma 42:27;
Ela. 14:30.
GE Lib abit.
8a D&A 1:38.
9a D&A 42:23–28.

10a Sòm 32:10;
Eza. 57:20–21;
Ela. 13:38.
11a Mozya 3:19.
GE Lòm natirèl.
b GE Chanèl.

c Efe. 2:12.
14a GE Onèt, onètete.
b Jan 7:24;
D&A 11:12.
c D&A 6:13; 58:27–28.
d GE Mizèrikòd.

“lajistis Bondye nan pinisyon pechè yo; paske w eseye panse se lajistis si pechè yo ale nan yon eta mizerab.

2 Kounyeya, koute, pitit gason m nan, m ap esplike w bagay sa a. Reyèlman, apre Senyè Bondye a te fin fè premye paran nou yo “sòti nan jaden ^bEdenn nan, pou yo kiltive tè a, kote yo te sòti a—wi, li te wete nonm nan, epi nan pwent lès jaden Edenn nan, li te mete kèk ^ccheriben ak yon epe toulimen ki t ap vire nan tout direksyon, pou pwoteje ^apyebwa lavi a—

3 Kounyeya, nou wè lèzòm te vin tankou Bondye, yo te vin konnen byen ak mal; epi pou yo pa lonje men pran fwi pyebwa lavi a, Senyè Bondye a te mete kèk cheriben ak yon epe toulimen, pou yo te kapab pa manje nan fwi a—

4 Epi konsa, nou wè lèzòm te resevwa yon ^aperyòd tan pou yo repanti, wi, yon tan eprèv, yon tan pou yo repanti epi pou yo sèvi Bondye.

5 Paske, reyèlman, si Adan te lonje men l imedyatman, epi li te manje nan fwi lavi a, li t ap viv pou tout tan, dapre pawòl Bondye a, li pa t ap gen tan pou repantans; wi, epi tou, pawòl Bondye a t ap anile, epi gwo plan sali a t ap toufe.

6 Men, reyèlman, se te plan an

pou lèzòm ^amouri—konsa, jan Bondye te rejte yo nan prezans pyebwa lavi a, se konsa li te dwe retranche yo sou sifas tè a—epi lèzòm te vin pèdi pou tout tan, wi, yo te vin tounen ^blòm pèdi.

7 Kounyeya, ou wè, nan kondisyon sa a, Bondye te ^arejte premye paran nou yo nan prezans Senyè a ni tanporèlman ak espi- rityèlman; epi konsa, nou wè yo te vin oblije suiv pwòp ^bvolonte pa yo.

8 Kounyeya, reyèlman, li te nesèsè pou lèzòm te sòti anba lanmò tanporèl sa a, paske sa t ap detwi gwo ^aplan bonè a.

9 Se poutèt sa, kòm nanm lèzòm pa t ap janm kapab mouri, epi ^aChit Adan an te lage yon lanmò espi- rityèl ak yon lanmò tanporèl sou tout limanite, ki vle di, Senyè a te retranche yo nan prezans li, li te nesèsè pou lèzòm te sòti anba lanmò espi- rityèl la.

10 Se poutèt sa yo te vin ^achanèl, sansyèl, ^bnatirèlman dyabolik, tan ^ceprev sa a te vin tounen yon tan pou yo prepare; li vin tounen yon tan pou prepara- syon.

11 Kounyeya, sonje, pitit gason m nan, si se pa t pou plan re- danmsyon an, (mete l sou kote) sito yo mouri nanm yo t ap ^ami- zerab, paske yo t ap sòti nan prezans Senyè a.

12 Kounyeya, pa t gen okenn

42 1a 2 Ne. 26:7;
Mozya 15:26-27.
GE Jistis.

2a Jen. 3:23-24;
Moyiz 4:28-31.

b GE Edenn.

c GE Cheriben.

d Jen. 2:9.

4a Alma 34:32-33.

6a GE Lanmò, fizik.

b Mozya 16:3-5.

GE Chit Adan ak Èv.

7a 2 Ne. 2:5; 9:6;

Ela. 14:16.

GE Lanmò espi- rityèl.

b GE Lib abit.

8a Alma 34:9;

Moyiz 6:62.

9a GE Chit Adan ak Èv.

10a GE Chanèl.

b GE Lòm natirèl.

c GE Mòtalite, mòtèl.

11a 2 Ne. 9:7-9.

mwayen pou sove lèzòm anba eta dejenere sa a lèzòm te rale sou tèt pa yo a poutèt dezobeyisans pa yo.

13 Se poutèt sa, daprè lajistis, “plan redanmsyon an pa t ap kapab fèt, eksepte si lèzòm ^brepanti pandan tan eprèv sa a, wi, pandan tan pou preparasyon sa a; paske si se pa t pou kondisyon sa yo, mizèrikòd pa t ap kapab aplike san l pa detwi zèv lajistis la. Kounyeya, zèv lajistis la pa t ap kapab detwi; si se ta sa, Bondye t ap ^csispann Bondye.

14 Konsa, nou wè tout limanite te “tonbe, epi yo te anba men ^blajistis; wi, lajistis Bondye a, ki konsiyen yo pou Senyè a rejte yo nan prezans li.

15 Epi, kounyeya, plan mizèrikòd la pa t ap kapab la si pa t gen yon ekspyasyon ki te fèt; se poutèt sa, Bondye limenm ^aekspye peche mond lan, pou l kapab vini avèk plan ^bmizèrikòd la, pou l satisfè egzijans ^clajistis la, pou Bondye kapab yon Bondye ki ^apafè, epi yon Bondye ki gen mizèrikòd tou.

16 Kounyeya, pa t ap kapab gen repantans pou lèzòm si pa t gen yon pinisyon ki ^aetènèl menm jan avèk lavi nanm lèzòm, ki nan opozisyon avèk plan bonè a, ki etènèl tou menm jan avèk lavi nanm yo.

17 Kounyeya, kòman yon moun ta kapab repanti si li pa t kapab “peche? Kòman li ta kapab peche si pa t gen ^blalwa? Kòman ta fè gen lalwa si pa t gen pinisyon?

18 Kounyeya, yon pinisyon te fikse, epi yon lalwa ki jis te tabli, ki te pote remò nan ^akonsyans lèzòm.

19 Kounyeya, si pa t gen lalwa—si yon moun fè ^aasasina pou yo ta touye l—èske li t ap pè fè asasina?

20 Epi tou, si pa t gen lalwa kont peche, lèzòm pa t ap pè peche.

21 Si ^apa t gen lalwa, epi lèzòm ta peche, ki sa lajistis t ap kapab fè, oubyen mizèrikòd, paske yo pa t ap gen dwa sou kreyati a?

22 Men gen lalwa a ki tabli, epi yon pinisyon fikse, epi gen ^arepantans ki pare; repantans sa a mizèrikòd reklame a; san sa, lajistis reklame kreyati a epi li egzekite lalwa a, epi lalwa a bay pinisyon an; si se pa sa, zèv lajistis la t ap detwi epi Bondye t ap sispann Bondye.

23 Men, Bondye pa sispann Bondye, epi ^amizèrikòd reklame moun ki penitan, epi gen mizèrikòd poutèt ^bekspyasyon an; epi ekspyasyon an mennen ^crezirèksyon mò yo;

13a GE Plan redanmsyon.

b GE Repantans, repanti.

c 2 Ne. 2:13–14.

14a Alma 22:13–14.

b 2 Ne. 2:5.

15a 2 Ne. 9:7–10;

Mozya 16:7–8.

GE Ekspyasyon, ekspye.

b GE Mizèrikòd.

c GE Jistis.

d 3 Ne. 12:48.

16a D&A 19:10–12.

17a GE Peche.

b Wom. 4:15.

18a GE Konsyans.

19a GE Ansasen.

21a 2 Ne. 9:25–26;

Mozya 3:11.

22a GE Repantans, repanti.

23a GE Mizèrikòd.

b GE Ekspyasyon, ekspye.

c 2 Ne. 2:8; 9:4;

Alma 7:12; 11:41–45;

12:24–25;

Ela. 14:15–18;

Mòm. 9:13.

epi rezirèksyon mò yo mennen lèzòm ^dretounen nan prezans Bondye; epi konsa, yo restore nan prezans li, pou yo sibi ^ejijman dapre zèv yo, dapre lalwa a ak lajistis.

24 Reyèlman, lajistis fè tout reklamasyon pa l, epi mizèrikòd reklame tout moun ki pou li; epi konsa, pèsonn pa sove eksepté moun ki reyèlman penitan.

25 Sa w konprann, ou sipoze mizèrikòd kapab vòlè ^alajistis? M di w konsa, Non; pa menm yon ti zing. Si se pou sa, Bondye t ap sispann Bondye.

26 Epi konsa, Bondye akonpli gwo ^aobjektif etènèl li yo, ki te prepare ^bdepi nan fondasyon mond lan. Epi konsa, sali avèk redanmsyon lèzòm akonpli, epi destriksyon yo ak mizè yo akonpli tou.

27 Se poutèt sa, O, pitit gason m nan, ^anenpòt moun ki vle vini, kapab bwè nan dlo lavi a gratis; epi nenpòt moun ki pa vle vini li pa oblije vini; men nan dènye jou a, l ap resevwa ^brestorasyon dapre ^czèv li yo.

28 Si li te vle fè mal, epi si li pa t repanti nan lavi l, reyèlman, l ap resevwa ^amal dapre restorasyon Bondye a.

29 Kounyeya, pitit gason m nan m vle pou w pa kite bagay sa yo annwiye w ankò, epi se pou peche w yo sèlman annwiye w, avèk anvi sa a k ap mennen w desann nan repantans.

30 O, pitit gason m nan, m vle pou w pa ta nye lajistis Bondye a ankò. Pa chèche eskize tèt ou menm yon tikras poutèt peche w yo lè w nye lajistis Bondye a; okontrè, kite lajistis Bondye a, ak mizèrikòd li, ak rezistans li enfliyanse kè; epi kite l rale w desann nan pousyè a anba ^aimilite.

31 Kounyeya, O, pitit gason m nan, Bondye rele w pou w preche pawòl la bay pèp sa a. Kounyeya, pitit gason m nan, ale, deklare pawòl la avèk verite epi avèk seryozite, pou w kapab mennen nanm nan repantans, pou gwo plan mizèrikòd la kapab reklame yo. Epi se pou Bondye akòde w menm dapre pawòl mwen yo. Amèn.

CHAPIT 43

Alma ak pitit gason li yo preche pawòl la—Zoramit yo ak lòt rebèl Nefit yo vin tounen Lamanit—Lamanit yo vini pou yo fè lagè kont Nefit yo—Mowoni ame Nefit yo avèk zam pou defans yo—Senyè a revele Alma plan Lamanit yo—Nefit yo defann kay yo, libète yo, fanmi ak relijyon yo—Lame Mowoni yo ak lame Leyi yo antoure Lamanit yo. Anviwon 74 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, pitit gason Alma yo t ale nan pami pèp la pou yo deklare pèp la pawòl la. Alma, pou tèt pa l pa t kapab pran repo, e l t ale tou.

23d Alma 40:21–24.

e GE Jijman, Dènye a.

25a GE Jistis.

26a 2 Ne. 2:14–30;

Moyiz 1:39.

b Alma 13:3;

3 Ne. 1:14.

27a Alma 5:34;

Ela. 14:30.

GE Lib abit.

b Alma 41:15.

c Eza. 59:18;

Apok. 20:12.

28a Alma 41:2–5.

30a GE Enb, imilite.

2 Kounyeya, nou p ap pale ankò sou prèch yo, n ap sèlman di, yo te preche pawòl la, ak verite a dapre lespri pwofesi ak lespri revelasyon an; epi yo te preche dapre “lòd ki sen Bondye te ba yo a.

3 Epi kounyeya, m retounen nan istwa lagè ki te fèt nan pami Nefit yo ak Lamanit yo, nan dizuityèm ane gouvènman jij yo.

4 Paske gade, se te konsa, “Zoramit yo te tounen Lamanit; nan kòmansman dizuityèm ane a, pèp Nefit yo te wè Lamanit yo t ap vini sou yo, se poutèt sa, yo te fè preparasyon pou lagè; wi, yo te rasanble lame yo ansanm nan peyi Jèchon an.

5 Epi, se te konsa, Lamanit yo te vini avèk plizyè milye sòlda, yo te vini nan peyi Antyonòm nan, ki se peyi Zoramit yo, epi yon nonm ki rele Zarayemna te dirijan yo.

6 Epi kounyeya, kòm, Amalekit yo te pi dispoze nan yo menm pou yo fè mechanste ak touye moun pase Lamanit yo, Zarayemna, plizyè kaptèn anchèf sou tèt Lamanit yo, e tout kaptèn anchèf sa yo te Amalekit ak Zoramit.

7 Li te fè sa pou l kapab prezève rayiman yo kont Nefit yo, pou l kapab soumèt yo, pou l kapab akonpli entansyon l.

8 Paske gade, entansyon l, se pou l te fè Lamanit yo leve kont Nefit yo; li te fè sa, pou l kapab

gen anpil pouvwa sou yo epi tou pou l kapab gen pouvwa sou Nefit yo lè l mete yo nan esklavaj.

9 Nefit yo te gen entansyon pwoteje tè yo ak kay yo, ak “mandanm yo ak pitit yo, pou yo kapab pa tonbe nan men ènmi yo; epi pou yo kapab prezève dwa ak privilèj yo, wi, ak ^blibète yo, pou yo kapab adore Bondye jan yo vle.

10 Paske yo te konnen, si yo ta tonbe nan men Lamanit yo, nenpòt moun ki ta “adore Bondye nan ^blespri e anverite, Bondye tout bon ki vivan an, Lamanit yo t ap detwi yo.

11 Wi, epi tou, yo te konnen kòmnan Lamanit yo te rayi “frè yo, pèp Anti-Nefi-Leyi a, ki te rele pèp Amon an—epi yo pa t kapab pran lèzam, wi, yo te fè alyans e yo pa t kapab vyole l—se poutèt sa, si yo ta tonbe nan men Lamanit yo, yo t ap detwi.

12 Epi, Nefit yo pa t ap dakò pou pèp Amon an ta detwi, se poutèt sa yo te ba yo tè pou yo eritye.

13 Epi, pèp Amon an te bay Nefit yo yon gran pòsyon nan resous materyèl yo pou sipòte lame yo; konsa, Nefit yo te oblije kanpe kont Lamanit yo, ki te desandan Laman, Lemyèl ak pitit Ismayèl yo ak tout moun ki te debranche nan pami Nefit yo; yo te Amalekit, Zoramit ak ^adesandan prèt Noye yo.

43 2a GE Prètriz
Mèlkisedèk.
4a Alma 35:2–14;
52:33.

9a Alma 44:5; 46:12.
b GE Libète.
10a GE Adorasyon.
b Jan 4:23–24.

11a Alma 24:1–3, 5, 20;
25:1, 13;
27:2, 21–26.
13a Alma 25:4.

14 Kounyeya, desandan sa yo te anpil prèske menm jan avèk Nefit yo; konsa, Nefit yo te oblije goumen ak frè yo menm jistan san te koule.

15 Epi, se te konsa, pandan lame Lamanit yo te rasanble ansanm nan peyi Antyonòm nan, lame Nefit yo te pare pou ran-kontre yo nan peyi Jèchon an.

16 Kounyeya, dirijan Nefit yo, oubyen, nonm yo te lonmen kaptèn anchèf sou tè Nefit yo—kaptèn anchèf la te pran kòmandman tout lame Nefit yo—li te rele Mowoni.

17 Epi, Mowoni te pran responsablite pou l kòmande e pou l gouvène tout lagè yo. Li te sèlman gen vennsenk lane lè yo te lonmen l kaptèn anchèf sou tè lame Nefit yo.

18 Epi, se te konsa, li te ran-kontre Lamanit yo sou fwontyè Jèchon an, e pèp li a te gen epe ak kouto ak tout kalite zam pou lagè.

19 Epi, lè lame Lamanit yo wè pèp Nefi a oubyen, Mowoni te prepare pèp li a avèk kiras, epi avèk boukliye nan ponyèt yo, wi epi tou avèk kas pou pwoteje tè yo, e ankò yo te mete rad epè—

20 Kounyeya, lame Zarayemna a pa t gen preparasyon konsa; yo te sèlman gen epe ak kouto, ak flèch, ak wòch, ak fistibal; yo te “toutouni eksepte yon po ki te mare ren yo; wi, yo tout te toutouni eksepte Zoramit ak Amalekit yo;

21 Men yo pa t pwoteje kò yo avèk kiras, ni boukliye—se

poutèt sa, yo te pè lame Nefit yo anpil poutèt zam sa yo, menm si yo te plis anpil pase Nefit yo.

22 Gade, se te konsa, yo pa t pran chans vini kont Nefit yo sou fwontyè Jèchon an; se poutèt sa, yo te pa ti kite peyi Antyonòm nan pou y al nan dezè a, e yo te vwayaje nan dezè a, bò tè rivyè Sidon an pou yo te kapab vini nan peyi Manti a, pou yo te kapab pran l; paske yo pa t panse lame Mowoni yo t ap konn kote yo t ale.

23 Men, la menm, yo te pati nan dezè a, Mowoni te voye espyon nan dezè a pou veye kan yo; epi tou Mowoni te konnen pwofesi Alma yo, li te voye kèk moun al jwenn Alma pou mande l pou l mande Senyè a “ki kote lame Nefit yo dwe ale pou yo defann tè yo kont Lamanit yo.

24 Epi, se te konsa, pawòl Senyè a te vin jwenn Alma, epi Alma te fè mesaj Mowoni yo konnen, lame Lamanit yo t ap mache nan dezè a, pou yo kapab vin nan peyi Manti a, pou yo te kapab kòmanse atake pati ki pi fèb nan pèp la. Mesaje yo t ale epi yo te bay Mowoni mesaj la.

25 Mowoni te kite yon pati nan lame li a nan peyi Jèchon an, pou yon pati nan Lamanit yo pa t vini nan peyi a epi pou yo pa t sezi vil la, ak rès pati lame li a, epi pou yo pa t antre nan peyi Manti a.

26 Epi, li te fè tout moun ki te nan zòn sa a rasanble ansanm pou yo goumen kont Lamanit yo, pou “defann tè yo ak peyi yo,

dwa yo ak libète yo; yo te prepare pou lè Lamanit yo pral vini.

27 Epi, se te konsa, Mowoni te fè lame li a kache nan vale ki te bò rivaj rivyè Sidon an, ki te nan lwès rivyè Sidon an, nan dezè a.

28 Epi, Mowoni te mete espyon tout kote, pou l te kapab konnen ki lè lame Lamanit yo pral vini.

29 Epi kounyeya, kòm Mowoni te konnen entansyon Lamanit yo, entansyon Lamanit yo se te pou yo detwi frè yo oubyen pou soumèt yo, mete yo nan esklavaj, pou yo kapab tabli wayòm pa yo nan tout peyi a.

30 Epi, li te konnen Nefit yo te vle sèlman prezève tè yo ak "libète yo ak legliz yo, poutèt sa, li tepanse se pa t yon peche pou l defann yo nan mèt dam; se poutèt sa, pa mwayen espyon yo li te konnen ki wout Lamanit yo t ap fè.

31 Konsa, li te divize lame li a, e li te mennen yon pa ti nan vale a, e li te kache yo nan lès ak nan sid kolin Ripla a;

32 Epi, li te kache rès la nan lwès vale a, nan lwès rivyè Sidon an, e konsa, anba nan fwontyè peyi Manti a.

33 Li te plase lame li a jan l te vle, e konsa, li te prepare pou l rankontre Lamanit yo.

34 Epi, se te konsa, Lamanit yo te monte nan nò kolin nan, kote yon pati nan lame Mowoni an te kache.

35 Epi, lè Lamanit yo te fin pase kolin Ripla a, epi yo te vin nan vale a, epi yo te kòmanse travèse rivyè Sidon an, lame ki

te kache nan sid kolin nan te gen yon nonm ki te rele "Leyi alatèt li; li te dirije lame a epi yo te ansekèle Lamanit yo nan kote lès, ki te dèyè do yo.

36 Epi, se te konsa, lè Lamanit yo te wè Nefit y ap vin dèyè do yo, yo te vire, e yo te kòmanse goumen ak lame Leyi yo.

37 Epi, travay lanmò a te kòmanse fèt nan tou de kan yo, men li te pi terib bò kote Lamanit yo, paske kò "toutouni yo te ekspoze anba gwo kout epe ak fistibal Nefit yo, ki te prèske touye yo chak fwa yo te pran kou.

38 Alòske, te gen yon nonm ki te tonbe tanzantan nan pami Nefit yo anba epe, poutèt san yo pèdi, yo te pwoteje nan kote pi vital nan kò yo, oubyen kote pi vital nan kò yo te pwoteje anba kou Lamanit yo avèk "kiras, avèk boukliye, e avèk kaskèt nan tèt yo; konsa, Nefit yo te fè travay lanmò a nan pami Lamanit yo.

39 Epi, se te konsa, Lamanit yo te vin pè poutèt gwo destriksyon nan pami yo, jistan yo te kòmanse kouri nan direksyon rivyè Sidon an.

40 Epi, Leyi ak moun li yo te kouri dèyè yo; Leyi te pouse yo nan dlo Sidon an, e yo te travèse dlo Sidon an. Epi, Leyi te fè lame li yo rete bò rivaj rivyè Sidon an pou yo te kapab pa t travèse.

41 Epi, se te konsa, Mowoni ak lame li a te rankontre Lamanit yo nan vale a, lòtbò rivyè Sidon an, li te kòmanse tonbe sou yo pou touye yo.

42 Epi, Lamanit yo te kouri de-

30a Alma 46:12, 35.
35a Alma 49:16.

37a Alma 3:5.
38a Alma 44:8–9.

van yo ankò pou y al nan peyi Manti a; e yo te kontre ankò avèk lame Mowoni yo.

43 Nan ka sa a, Lamanit yo te goumen anpil; wi, pèsonn pa t konn wè Lamanit yo goumen avèk anpil fòs ak kouraj konsa, non, pa menm nan kòmansman an.

44 Epi, yo te jwenn enspirasyon nan men “Zoramit yo ak Amalekit yo ki te kaptèn anchèf yo ak dirijan yo, e nan men Zarayemna, ki te kaptèn anchèf yo oubyen dirijan anchèf ak kòmandan yo; wi, yo te goumen tankou dragon, e anpil nan Nefit yo te mouri anba men yo; wi, paske yo te koupe anpil nan kas yo fè de mòso, e yo te pèse anpil nan kiras yo, epi yo te koupe ponyèt anpil moun; se konsa Lamanit yo te frape moun avèk raj.

45 Men, yon pi bon kòz te enspire Nefit yo, paske yo pa t ap “goumen pou monachi ni pou pouvwa, men, yo t ap goumen pou kay yo, ak ^blibète yo, ak madanm yo, ak pitit yo, e ak tout sa yo te genyen, wi, pou rit adorasyon yo ak legliz yo.

46 Epi, yo t ap fè sa yo te santi ki se “devwa yo genyen pou Bondye yo a; paske Senyè a te di yo ak zansèt yo: ^bToutotan nou pa atake ‘anpremye ni andezyèm nou pa dwe kite ènmi yo touye nou.

47 Epi ankò Senyè a te di: Nou dwe “defann fanmi nou menm jistan san koule. Se poutèt sa,

Nefit yo te goumen avèk Lamanit yo pou defann tèt yo, ak fanmi yo, ak tè yo, ak peyi yo, ak dwa yo, e ak relijyon yo.

48 Epi, se te konsa, lè pa tizan Mowoni yo te wè fewosite ak kòlè Lamanit yo, yo te pare pou yo fè bak e pou yo kouri devan Lamanit yo. Mowoni te wè entansyon yo, e li te voye moun pou enspire kè yo avèk panse sa yo—wi, panse konsènan tè yo ak libète, wi, libète yo anba esklavaj.

49 Epi, se te konsa, yo te vire sou Lamanit yo, yo te “kriye nan pye Senyè a, Bondye yo a avèk yon sèl vwa, pou libète yo anba esklavaj.

50 Epi, yo te kòmanse kanpe kont Lamanit yo avèk pouvwa, e menm lè yo te kriye nan pye Senyè a pou libète yo, Lamanit yo te kòmanse kouri devan yo; e Lamanit yo te kouri jouk nan dlo Sidon an.

51 Lamanit yo te plis, wi, yo te plis pase de fwa kantite Nefit yo; men, yo te kouri tèlman, yo te rasanble ansanm nan vale bò rivaj rivyè Sidon an.

52 Konsa, lame Mowoni yo te sènen yo, wi, menm nan toude kote rivyè a, paske, patizan Leyi yo te nan kote lès la.

53 Se poutèt sa, lè Zarayemna te wè moun Leyi yo nan lès rivyè Sidon an e lame Mowoni yo te nan lwès rivyè Sidon an, yo wè Nefit yo te sènen yo, yo te pè anpil.

44a Alma 43:6.

45a Alma 44:5.

b GE Libète.

46a GE Devwa.

b Alma 48:14;

D&A 98:33–36.

c 3 Ne. 3:21;

D&A 98:23–24.

47a D&A 134:11.

49a Egz. 2:23–25;

Mozya 29:20.

54 Lè Mowoni te wè yo pè, li te kòmande moun li yo pou yo sispann koule san Lamanit yo.

CHAPIT 44

Mowoni kòmande Lamanit yo pou yo fè yon alyans lapè oubyen y ap detwi—Zarayemna refize kondisyon an, e batay la kontinye—Lame Mowoni yo bat Lamanit yo. Anviwon 74–73 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, yo te sispann epi yo te fè bak. Epi, Mowoni te di Zarayemna: Ou wè, Zarayemna, “nou pa vle tounen sanginè. Ou konnen w nan men nou, men, nou pa vle touye w.

2 Gade, nou pa vin goumen avèk ou pou nou kapab koule san w pou pouvwa; ni tou, nou pa vle mete pèsonn anba mizè esklavaj. Men se poutèt kòz sa a menm ou vin goumen avèk nou; wi e ou fache kont nou poutèt relijyon nou an.

3 Men, kounyeya, ou wè Senyè a avèk nou, e w wè li lage w nan men nou. M vle w konprann, bagay sa a rive poutèt relijyon nou an ak lafwa nou nan Kris la. Kounyeya, ou wè w pa kapab detwi lafwa nou an.

4 Kounyeya, ou wè se vrè lafwa nan Bondye a; wi, ou wè Bondye ap sipòte nou, l ap kenbe nou, l ap prezève nou tout tan nou fè l konfyans e tout tan nou mete konfyans nan lafwa nou an, ak relijyon nou an; epi Senyè a p ap janm kite nou detwi, eksepte si nou tonbe nan transgresyon, e si nou nye lafwa nou an.

5 Epi kounyeya, Zarayemna, m kòmande w, nan non Bondye ki gen tout pouvwa a, ki te ranfòse ponyèt nou pou nou kapab gen pouvwa sou ou a, nan non lafwa nou an, ak relijyon nou an, ak “seremoni adorasyon nou yo, ak legliz nou an; e nan non sipò sakre nou dwe madanm nou ak pitit nou yo, nan non ^blibète ki lye nou avèk tè nou yo e avèk peyi nou an; wi, e nan non responsablite pawòl sakre Bondye a, li menm nou dwe pou tout bonè nou an; e nan non tout sa ki pi chè pou nou—

6 Wi, e sa se pa tout; m kòmande nan non tout anvi genyen pou w viv, pou w remèt zam pou lagè w yo nan men nou, e nou p ap chèche koule san w; men, n ap epaye lavi w, si w al fè wout ou, epi w pa vin fè lagè avèk nou ankò.

7 Epi kounyeya, si w pa fè sa, ou wè, ou nan men nou, m ap fè moun mwen yo tonbe sou ou, pou yo aflije kò w, pou yo blese w jistan ou mouri, jistan ou dedwi; lè sa a, n ap wè kiyès k ap gen pouvwa sou pèp sa a, wi, n ap wè kiyès k ap tonbe nan esklavaj.

8 Epi kounyeya, se te konsa, lè Zarayemna te tandè bagay sa yo, li te vini e li te remèt epe l ak kouto l ak flèch li nan men Mowoni, epi li di l: Men zam lagè nou yo; n ap ba w yo, men, nou p ap aksepte pou nou fè yon “sèman devan w, paske nou konnen n ap vyole l, pitit nou yo tou; men, pran zam pou lagè

44 1a Alma 43:45.

5a GE Odonans yo.

b GE Libète.

8a GE Sèman.

nou yo e kite n al nan dezè a, si se pa sa, n ap kenbe epe nou yo, pou nou peri oubyen pou nou gen viktwa.

9 Nou pa gen menm lafwa avèk ou; nou pa kwè se Bondye ki te lage nou nan men w; men, nou kwè se mètdam ou ki prezève w anba epe nou yo. Se "kiras ak boukliye w yo ki te prezève w.

10 Epi kounyeya, lè Zarayemna te fin pale pawòl sa yo, Mowoni te remèt epe ak zam pou lagè li te resevwa nan men Zarayemna yo e l te di: Annou fini batay la.

11 Kounyeya, m pa kapab chanje pawòl m te pale yo, men, menm jan Senyè a vivan an, ou pa prale san fè sèman pou w pa retounen vin fè lagè avèk nou ankò. Kounyeya, kòm ou nan men nou, n ap koule san w atè a, oubyen w ap soumèt ou anba kondisyon m te pwopoze w yo.

12 Lè Mowoni te fin di bagay sa yo, Zarayemna te kenbe epe l la, li te fache kont Mowoni e li te avanse vit pou l kapab touye Mowoni; men, lè l te leve epe l la, youn nan sòlda Mowoni yo te frape epe a lage atè a, e li te kase manch la, epi tou li te frape Zarayemna, li te sote po tèt li lage atè, e Zarayemna te wete kò l nan pami sòlda l yo.

13 Epi, se te konsa, sòlda ki te koupe po tèt Zarayemna a te ranmase po tèt la nan branch cheve yo, li te koke l nan pwent epe li a, li te leve l anlè pou yo wè epi li te di yo byen fò:

14 Menm jan po tèt chèf nou

an te tonbe atè a, se konsa n ap tonbe atè a si nou pa remèt zam pou lagè nou yo e pati avèk yon alyans lapè.

15 Kounyeya, gen yon pakèt ki te pè, lè yo te tandè pawòl sa yo, e lè yo te wè po tèt ki te nan pwent epe a tonbe atè; anpil ladan yo te vin jete zam pou lagè yo nan pye Mowoni, e yo te fè alyans pou lapè. Epi, tout moun ki te fè "alyans pou lapè, yo te kite yo ale nan dezè a.

16 Kounyeya, Zarayemna te fache anpil, epi li te pouse rès sòlda yo nan kòlè pou yo kapab goumen avèk plis fòs kont Nefit yo.

17 Epi kounyeya, Mowoni te fache poutèt Lamanit yo ki te fè tèt di; poutèt sa, li te kòmande pèp li a pou yo tonbe sou Lamanit yo, pou yo touye yo. Epi, se te konsa, yo te kòmanse touye yo; wi, e Lamanit yo te goumen avèk epe avèk fòs.

18 Men gade, po toutouni ak tèt dekouvri yo te ekspoze anba epe file Nefit yo; wi, yo te pèse, yo te frape, wi, epi yo te tonbe vit anba epe Nefit yo, epi yo te kòmanse detwi jan sòlda Mowoni an te pwofetize a.

19 Kounyeya, lè Zarayemna te wè yo tout ta pral detwi, li te rele byen fò nan pye Mowoni, li te pwomèt pou l fè alyans, ak pèp li a tou, pou yo "pa janm vin fè lagè avèk Nefit yo ankò si yo ba yo lavi.

20 Epi, se te konsa, Mowoni te fè sispann travay lanmò a nan pami pèp la ankò. Li te pran

9a Alma 43:38.
15a 1 Ne. 4:37;

Alma 50:36.
19a Alma 47:6.

zam pou lagè yo nan men Lamanit yo; epi lè yo te fin fè “alyans pou lapè avèk li, li te kite yo pati nan dezè a.

21 Kounyeya, yo pa t konte kantite mò paske yo te tèlman anpil; wi, kantite mò yo te anpil ni nan kan Nefit yo, ni nan kan Lamanit yo.

22 Epi, se te konsa, yo te jete mò yo nan dlo Sidon yo, yo t ale, epi yo te antere yo nan pwofondè lanmè a.

23 Epi, lame Nefit yo oubyen lame Mowoni yo te retounen lakay yo, nan peyi yo.

24 Se konsa dizuityèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini. Se konsa istwa Alma a te fini, yo te ekri sou plak Nefi yo.

Istwa pèp Nefi a, lagè ak divizyon lè Elaman t ap viv, dapre rejis Elaman te kenbe lè l te vivan.

Depi nan chapit 45 jouk nan finisman chapit 62.

CHAPIT 45

Elaman kwè nan pawòl Alma yo—Alma pwofetize sou destriksyon Nefit yo—Li beni tè a e li modi tè a—Sanble Lespri a te anpòte Alma ale menm jan li te anpòte Moyiz ale a—Disansyon grandi nan Legliz la. Anviwon 73 ANVAN JEZIKRI.

Epi, kounyeya, se te konsa, pèp Nefi a te kontan anpil, paske Senyè a te delivre yo anba men ènmi yo; poutèt sa, yo te remèsye Senyè a, Bondye yo a; wi, yo te “jene anpil, yo te priye anpil, e yo te adore Bondye ak anpil lajwa.

2 Epi, se te konsa, nan dizenvyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a, Alma t al jwenn pitit gason li a, Elaman, epi l te di l: Èske w kwè bagay m te di w konsènan “rejis sa yo m te kenbe yo?

3 Elaman te di l: Wi, m kwè.

4 Epi Alma te di l ankò: Èske w kwè nan Jezikri ki pral vini an?

5 Epi li te di: Wi, m kwè tout pawòl ou te pale yo.

6 Epi Alma te di l: Èske w ap “respekte kòmandman m yo?

7 Epi li te di: Wi, m ap respekte kòmandman w yo avèk tout kè m.

8 Alma te di l: Ou beni e Senyè a ap fè w “pwospere nan peyi a.

9 Men gade, m gen kèk bagay pou m “pwofetize ba w; men, sa m ap pwofetize ba w yo, ou pa dwe pale yo; wi, sa m ap pwofetize ba w yo, moun pa dwe konnen yo jistan pwofesi a akonpli; poutèt sa, ekri pawòl m pral di w yo.

10 Epi, men pawòl yo: Gade, m apès, pèp Nefit yo menm, dapre lespri revelasyon ki nan mwenn an, nan “katsan ane depi lè Jezikri pral fè yo wè l la, yo pral denere nan ^benkredilite.

20a Alma 62:16–17.

45 1a GE Jèn, jene.

2a Alma 37:1–5; 50:38.

6a GE Kòmandman Bondye yo; Obeyi, obeyisan,

obeyisans.

8a 1 Ne. 4:14;

Alma 48:15–16, 25.

9a GE Pwofesi, pwofetize.

10a 1 Ne. 12:10–15;

Ela. 13:9;

Mòm. 8:6–7.

b GE Apostazi; Enkredilite.

11 Wi, lè sa a, yo pral wè lagè ak lapès, wi, famin ak san koule jistan pèp Nefi a “detwi—

12 Wi, sa pral rive poutèt y ap dejenere nan enkredilite, nan zèv tenèb, “imoralite ak tout kalite inikite; wi, m di w, poutèt y ap peche kont yon tèlman gwo limyè ak yon konesans konsa, wi, m di w, depi jou sa a, menm katrityèm jenerasyon an p ap pase anvan gwo inikite sa a rive.

13 Epi, lè gwo jou sa a rive, lè a prèske rive pou moun ki nan epòk kounyeya yo, oubyen pou desandan moun ki fè pati nan pami pèp Nefi a, pou yo “pa konte nan pami pèp Nefi a ankò.

14 Men, nenpòt moun ki rete, e ki pa detwi nan gran jou terib sa a, “ap konte nan pami Lamanit yo, e y ap vin tankou Lamanit yo; yo tout, eksepte kèk moun ki pral rele disip Senyè a; e Lamanit yo pral pousuiv yo ^bjistan yo vin detwi. Epi, poutèt inikite yo, pwofesi sa a gen pou l akonpli.

15 Epi kounyeya, se te konsa, lè Alma te fin di Elaman bagay sa yo, li te beni l; li te beni lòt pitit li yo tou, li te beni tè a pou byen moun ki “jis yo.

16 Epi li te di: Senyè Bondye a di—Tè a pral “modi, wi, tè sa a, pou chak nasyon, fanmi, lang ak pèp, pou destriksyon moun ki fè mechanste, lè yo vin pouri nèt; e jan m di a, se konsa l ap fèt; paske se malediksyon ak

^bbenediksyon Bondye ki sou peyi a, paske Senyè a pa kapab gade peche avèk ‘okenn konsiderasyon.

17 Epi kounyeya, lè Alma te fin di pawòl sa yo, li te beni “legliz la, wi, tout moun ki kanpe solid nan lafwa a depi kounyeya jouk lè sa a.

18 Lè Alma te fin fè sa, li te kite peyi Zarayemla a, kòm si l t a pral nan peyi Melèk la. Epi, yo pa t janm tandè pale konsènan l ankò; kanta lanmò ak antèman l, nou pa konnen.

19 Gade, sèlman nou konnen li te yon nonm ki te jis; e nou vèl la te gaye nan tout legliz la, pou fè konnen lespri a te pote l ale oubyen Senyè a te “antere l avèk men pa l, menm jan avèk Moyiz. Men, gade ekriti yo di konsa, Senyè a te pran Moyiz nan li menm; e nou sipoze li te resevwa Alma tou, nan lespri a, nan li menm; poutèt sa, nou pa konnen anyen konsènan lanmò l ak antèman l.

20 Epi kounyeya, se te konsa, nan kòmansman dizevyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a, Elaman t ale nan pami pèp la pou l deklare yo pawòl la.

21 Gade, poutèt lagè yo avèk Lamanit yo ak anpil ti divizyon ak twoub ki te pami pèp la, li te vin nesèsè pou “pawòl Bondye a ta deklare nan pami yo, wi e pou yon règleman ta tabli nan legliz la.

11a Jawòm 1:10;
Mòm. 8:2–3, 6–7.
12a GE Konvwate,
konvwatiz.
13a Ela. 3:16.
14a Mowo. 9:24.

^b Mowo. 1:1–3.
15a Alma 46:10;
62:40.
16a 2 Ne. 1:7;
Alma 37:31;
Ètè 2:8–12.

^b D&A 130:21.
^c D&A 1:31.
17a GE Legliz Jezikri.
19a GE Èt anlve.
21a Alma 31:5.

22 Poutèt sa, Elaman ak frè l yo t ale pou yo tabli legliz la ankò nan tout peyi a, wi, nan chak vil nan tout peyi pèp Nefi a te posede. Epi, se te konsa, yo te lonmen prèt ak enstriktè nan tout peyi a, sou tèt tout legliz yo.

23 Epi kounyeya, se te konsa, lè Elaman ak frè l yo te fin lonmen prèt ak enstriktè sou tèt legliz yo, yon “divizyon te leve nan pami yo, e yo pa t vle koute pawòl Elaman ak frè l yo;

24 Men, yo te vin gen lògèy, yo te gonfle kè yo poutèt pakèt “richès yo; konsa, yo te vin rich daprè ^btèt pa yo, epi yo pa t vle koute pawòl yo, pou yo mache dwat devan Bondye.

CHAPIT 46

Amalikya fè konplo pou l vin wa—Mowoni leve anblèm libète a—Li mete tèt ansanm avèk pèp la pou defann relijyon yo—Vrè kwayan yo rele kretyen—Yon rès nan desandan Jozèf yo pral prezève—Amalikya ak separatis yo kouri ale nan peyi Nefi a—Moun ki pa sipòte kòz libète a ap pase anba lanmò. Anviwon 73–72 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, tout moun ki pa t vle koute pawòl Elaman ak frè l yo te rasanble ansanm kont frè yo.

2 Epi kounyeya gade, yo te tèmman fache, yo te gen detèminasyon pou touye yo.

3 Dirijan moun ki te fache kont

frè yo te yon gwo nonm chaje ak fòs, li te rele Amalikya.

4 Amalikya te vle vin wa; e moun ki te fache yo tou te vle pou l vin wa yo; e pifò ladan yo te “ti jij nan peyi a, epi yo te bezwen pouvwa.

5 Amalikya te flate yo pou l te fè yo konprann, ke si yo te sipòte l, epi yo te tabli l wa yo, li t ap lonmen yo dirijan nan pami pèp la.

6 Konsa, Amalikya te trennen yo nan divizyon, malgre prèch Elaman ak frè l yo, malgre anpli swen yo te pran pou legliz la, paske, yo te gran prèt alatèt legliz la.

7 Epi, te gen anpil moun nan legliz la ki te kwè nan pawòl flatè Amalikya yo, poutèt sa, yo te menm kite legliz la, se konsa ka pèp Nefi a te grav anpil, yo te an danje malgre “gwo viktwa yo te genyen sou Lamanit yo, ak tout lajwa yo te genyen poutèt delivrans yo te jwenn nan men Senyè a.

8 Konsa, nou “wè kòman lèzòm bliye Senyè Bondye yo a vit, wi, ki jan yo fè inikite vit epi malen an detounen yo.

9 Wi, epi nou, nou wè gwo “mèchanste yon sèl nonm ki mechan anpil kapab lakòz rive nan pami pitit lèzòm.

10 Wi, nou wè ke Amalikya, paske li te yon nonm rize, ki te chaje avèk pawòl flatri, li te trennen kè anpil moun nan fè peche; wi, pou yo te chèche detwi legliz Bondye a, pou yo te detwi

23a 3 Ne. 11:28–29.

24a GE Richès.

b GE Lògèy.

46 4a Mozya 29:11, 28–29.

7a Alma 44:19–20.

8a Ela. 12:2, 4–5.

9a Mozya 29:17–18.

fondasyon “libète Bondye te ba yo a, oubyen benediksyon Bondye te voye sou tè a pou byen moun ki ^bjis yo.

11 Epi kounyeya, se te konsa, lè Mowoni, ki te kòmandan “anchèf lame Nefit yo te tande zafè divizyon sa yo, li te fache kont Amalikya.

12 Epi, se te konsa, li te dechire wòb li; li te pran mòso la-dan l epi li te ekri sou li—“Nan memwa Bondye nou an, relijyon nou an, libète ak lapè nou an, madanm ak pitit nou yo—e li te pandye l nan pwent yon poto.

13 Epi, li te mete kas li, ak kiras li, ak boukliye l, epi li te mare zam li bò ranch li, e li te pran poto li te tache mòso rad li a (li te rele l drapo libète), li te bese atè a e li te priye Bondye li a anpil pou benediksyon libète a kapab rete sou frè l yo tout tan ta gen anpil kretyen ki ta rete pou posede peyi a—

14 Paské, se konsa tout moun ki pa t nan legliz la te rele tout moun ki te bon kwayan nan Kris yo, ki te nan legliz Bondye a.

15 Epi, moun ki te nan legliz yo te gen lafwa; wi, tout moun ki te kwè nan Kris la toutbon yo te pran “non Kris la sou tè yo ak kè kontan, oubyen ^bkretyen yo, jan yo te rele yo a, poutèt kwayans yo nan Kris la ki gen pou l vini an.

16 Se poutèt sa, kounyeya, Mowoni te priye pou kòz kretyen

yo epi pou libète peyi a kapab jwenn favè.

17 Epi, se te konsa, lè l te fin louvri nanm li bay Bondye, li te site non tout peyi ki te nan sid tè “dezolasyon yo, wi, pou fini, tout peyi ki te nan nò ak nan sid yo—kòm yon tè ki te chwazi, e yon tè pou libète.

18 Epi li te di: Asireman, Bondye p ap kite nou menm, ki meprize poutèt nou pote non Kris la, li p ap kite yo pyetine nou atè a, epi pou yo detwi nou, jistan nou pote sa sou tè pa nou avèk transgresyon pa nou.

19 Epi, lè Mowoni te fin di bagay sa yo, li t ale nan pami pèp la, li te leve mòso “rad li a anlè pou tout moun te kapab wè ekriti li te ekri sou mòso twal la, epi li te rele byen fò, li te di:

20 Tout moun ki vle kenbe drapo sa a nan peyi a, kite yo vini nan fòs Senyè a pou yo fè alyans pou yo kapab konsève dwa yo ak relijyon yo, pou Senyè Bondye a kapab beni yo.

21 Epi, se te konsa, lè Mowoni te fin pwoklame pawòl sa yo, gade pèp la te kouri vini, ansanm avèk zam yo mare nan ren yo, yo te dechire wòb yo kòm yon senbòl, oubyen kòm yon alyans pou yo pa bliye Senyè Bondye yo a; oubyen si yo ta transgese kòmandman Bondye yo, oubyen si yo ta tonbe nan transgresyon epi yo ta “wont pote non Kris la, Senyè

10a 2 Ne. 1:7;
Mozya 29:32.
b 2 Ne. 1:7.
11a Alma 43:16–17.
12a Ney. 4:14;

Alma 44:5.
15a Mozya 5:7–9.
b Tra. 11:26;
1 Pyè 4:16.
17a Alma 22:30–31.

19a GE Banyè.
21a 1 Ne. 8:25–28;
Mòm. 8:38.

a ta mèt dechire yo menm jan yo te dechire rad yo.

22 Kounyeya, se te alyans yo te fè, epi yo jete rad yo nan pye Mowoni, yo te di: Nou fè alyans avèk Bondye nou an, nou gen pou nou detwi menm jan avèk frè nan nò nou yo, si nou ta tonbe nan transgresyon; wi, li mèt jete nou nan pye ènmi nou yo menm jan nou jete rad nou yo nan pye w la, pou yo foule anba pye, si nou tonbe nan transgresyon.

23 Mowoni te di yo: Nou se yon rès desandan Jakòb; wi, nou se yon rès “desandan ^bJozèf, frè l yo te dechire ‘rad li fè anpil tikal; wi, kounyeya, an nou sonje pou respekte kòmandman Bondye yo, oubyen frè nou yo ap dechire rad nou, y ap jete nou nan prizon, y ap vann nou, oubyen y ap touye nou.

24 Wi, annou prezève libète nou kòm “desandan Jozèf; wi, annou sonje pawòl Jakòb te pale anvan l te mouri yo, paske, gade, li te wè yon pa ti nan rès wòb Jozèf la te prezève, li pa t pouri. Epi li te di—menm jan rès rad pitit gason m nan te prezève a, se konsa yon ^brès nan desandan pitit gason m nan pral prezève nan men Bondye, epi li pral pran yo vin jwenn li, alòske rès desandan Jozèf la pral peri menm jan avèk rès rad li a.

25 Kounyeya gade, sa fè nanm mwen lapenn; men, nanm mwen gen lajwa nan pitit gason m nan poutèt pati sa a nan desandan l

yo Bondye gen pou l pran vin jwenn li a.

26 Kounyeya gade, se konsa Jakòb te pale.

27 Kiyès ki konnen si rès desandan Jozèf yo ki pral peri menm jan avèk wòb li a pa desandan nou yo? Wi, se kapab menm noumenm, si nou pa kenbe fèm nan lafwa nan Kris la.

28 Epi kounyeya, se te konsa, lè Mowoni te fin di pawòl sa yo, li t ale epi li te voye moun tout kote ki te gen divizyon nan peyi a, pou rasanble ansanm, tout moun ki te vle kenbe libète yo, pou yo kanpe kont Amalikya, ak moun ki te divize yo, e ki te rele Amalikyayit yo.

29 Epi, se te konsa, lè Amalikya te wè pèp Mowoni an te plis pase Amalikyayit yo—epi tou li te wè, pèp li a te gen dout sou kòz lajistis yo t ap defann nan—e li te pè pou l pa ta pèdi batay la, se poutèt sa, li te pran moun nan pèp la ki te vle, epi li te pati al nan peyi Nefi a.

30 Kounyeya, Mowoni te wè li pa t nesèsè pou Lamanit yo te pran fòs ankò; se poutèt sa li te vle bare pèp Amalikya a, oubyen pou l pran yo mennen tounen, epi pou l touye Amalikya; wi, paske li te konnen Amalikya t ap pouse Lamanit yo nan kòlè kont Nefit yo, pou l fè yo vin goumen avèk Nefit yo; li te konnen Amalikya t ap fè sa pou l kapab akonpli sa l te vle a.

31 Se poutèt sa, Mowoni te panse se nesèsè pou l te pran

23a Jen. 49:22–26;
1 Ne. 5:14–15.
b GE Jozèf, pitit

gason Jakòb.
c Jen. 37:3, 31–36.
24a Amòs 5:15;

3 Ne. 5:21–24; 10:17.
b 2 Ne. 3:5–24;
Etè 13:6–7.

lame li yo ki te rasanble ansanm nan, ba yo zam, epi fè alyans pou yo kenbe lapè—epi, se te konsa, li te pran lame li a ak tant li yo, epi yo te pati tè nan dezè a pou yo kapab bare chemen Amalikya nan dezè a.

32 Epi, se te konsa, li te fè jan l te vle a; li te mache nan dezè a e li te pran devan lame Amalikya yo.

33 Epi, se te konsa, Amalikya te kouri avèk yon ti kras nan moun li yo, epi rès la te tonbe nan men Mowoni, e li te mennen yo retounen nan peyi Zarayemla a.

34 Kounyeya, Mowoni se te yon nonm ki te “lonmen jij anchèf la epi pèp la te lonmen, poutèt sa, li te gen pouvwa, jan l te vle, ak lame Nefit li yo, pou l tabli e pou l egzèsè otorite sou yo.

35 Epi, se te konsa, nenpòt nan Amalikyayit yo ki pa t vle fè alyans pou sipòte kòz libète a, pou yo kapab gen yon gouvènman lib, li te fè touye yo; te gen yon tikras ki pa t vle fè alyans pou libète a.

36 Epi, Li te fè monte drapo libète a anlè chak fòtrès ki te nan tout peyi Nefit yo te posede a; konsa, Mowoni te plante banyè libète a nan pami Nefit yo.

37 Epi, yo te kòmanse gen lapè nan peyi a ankò; konsa, yo te kenbe lapè nan peyi a prèske jouk nan finisman diznevnyèm ane gouvènman jij yo.

38 Epi, Elaman ak “gran prèt li yo te kenbe lòd nan legliz la tou; wi, yo te gen lapè ak anpil

rejwisans nan legliz la pandan kat ane.

39 Epi, se te konsa, te gen anpil ki te mouri, yo te “kwè tout bon, Senyè Jezikri te rachte nanm yo.

40 Epi, te gen kèk ki te mouri anba epidemi lafyèv ki te nan peyi a, pandan kèk sezon nan ane a—men, plis pa t mouri anba lafyèv, paske, te gen anpil bon kalite “plant ak rasin Bondye te prepare pou chase maladi ki te akable moun poutèt klima a—

41 Men te gen anpil ki te mouri, gran moun; epi moun ki te mouri ak lafwa nan Kris la, yo te “rejwi nan li, jan nou dwe ye a.

CHAPIT 47

Amalikya fè koken, li touye moun epi li fè mèt dam pou l kapab vin Wa Lamanit yo—Nefit separatis yo pi mechan, pi fewòs pase Lamanit yo. Anviwon 72 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, n ap retounen nan istwa Amalikya ak moun ki te “sove al nan dezè a avèk li yo; paske, li te pran moun ki t ale avèk li yo, epi li t ale nan ^bpeyi Nefi a, nan pami Lamanit yo, epi li te fè Lamanit yo fache kont pèp Nefi a, tèlman, wa Lamanit yo te voye yon pwoklamasyon nan tout peyi l la, nan pami tout pèp li a, pou yo rasanble ansanm ankò, pou y al goumen avèk Nefit yo.

2 Epi, se te konsa, lè pwoklamasyon an t ale nan pami yo, yo te pè anpil; wi, yo te pè fè wa a fache, epi tou, yo te pè al goumen

34a Alma 43:16.

38a Alma 46:6.

39a Mowo. 7:3, 41.

40a D&A 89:10.

41a Apok. 14:13.

47 1a Alma 46:33.

b 2 Ne. 5:5–8;

Omni 1:12–13.

avèk Nefit yo pou yo pa t pèdi lavi yo. Epi, se te konsa, yo pa t vle oubyen plis ladan yo pa t vle obeyi kòmandman wa a yo.

3 Epi kounyeya, se te konsa, wa a te fache poutèt dezobeyisans yo; se poutèt sa, li te bay Amalikya kòmandman sou pati nan lame l yo ki te obeyi kòmandman l yo, epi li te kòmande l pou l al fòse yo pran lèzam.

4 Kounyeya gade, se sa Amalikya te vle; paske li te yon nonm ki maton anpil nan fè move bagay, se poutèt sa, li te fè plan nan kè l pou l detwone Wa Lamanit yo.

5 Li te kòmandan ala tèt Lamanit sa yo ki te an favè wa a; epi li te chèche atire moun ki pa t obeyisan yo sou li; se poutèt sa, li t ale kote yo rele "Onida a; paske, se la tout Lamanit yo te kouri ale; paske, yo te wè lame a ap vini, epi yo te panse li t ap vin detwi yo, se poutèt sa, yo te sove al Onida, kote ki te gen zam yo.

6 Epi, yo te nonmen yon nonm wa ak chèf alatèt yo, yo te pran yon rezolisyon fèm pou moun pa t fè y al goumen avèk Nefit yo.

7 Epi, se te konsa, yo te rasanble sou tèt mòn ki te rele Antipous la, pou yo prepare pou batay la.

8 Kounyeya, Amalikya pa t gen entansyon goumen avèk yo, dapre kòmandman wa a; men gade entansyon l sete pou l atire lame Lamanit yo pou l kapab vin sou tèt yo, pou l detwone wa a, pou l pran wayòm nan.

9 Epi gade, se te konsa, li te fè lame l la plante tant yo nan vale ki bò mòn Antipous la.

10 Epi, se te konsa, lè l te nan nuit, li te voye yon anbasadè sekrè sou mòn Antipous la, pou fè chèf sila yo ki te sou mòn nan, ki te rele Leyonti, pou fè l desann anba mòn nan, pou l kapab pale avèk li.

11 Epi, se te konsa, lè Leyonti te resevwa mesaj la, li pa t pran chans desann anba mòn nan. Epi, se te konsa, Amalikya te voye yon dezyèm fwa pou fè l vini. Epi, se te konsa, Leyonti pa t vle vini, epi li te voye yon twazyèm fwa.

12 Epi, se te konsa, lè Amalikya te wè li pa t kapab fè Leyonti desann mòn nan, li te monte sou mòn nan, toupre kan Leyonti a; epi li te voye mesaj li bay Leyonti yon katriyèm fwa pou l kapab desann, epi li te mèt desann avèk gad li yo.

13 Epi, se te konsa, lè Leyonti te desann avèk gad li yo kote Amalikya, Amalikya te vle pou l desann avèk lame li a nan nuit, pou l antoure moun wa a te ba l kòmande yo; li t ap livre yo nan men Leyonti, si Leyonti ta vle lonmen Amalikya dezyèm chèf alatèt tout lame a.

14 Epi, se te konsa, Leyonti te desann avèk moun li yo, epi li te antoure moun Amalikya yo, yon fason lè yo te leve nan bonè, lame Leyonti a te antoure yo.

15 Epi, se te konsa, lè yo wè yo te antoure, yo te sipliyè Amalikya pou l kite yo tonbe nan men frè yo, pou yo pa t detwi. Se sa menm Amalikya te vle.

16 Epi, se te konsa, li te livre moun li yo, "kont kòmandman

wa a. Se bagay sa a Amalikya te vle pou l te kapab akonpli entansyon l, pou l detwone wa a.

17 Se te koutim Lamanit yo, si dirijan anchèf la mouri, pou yo lonmen dezyèm dirijan an kòm dirijan anchèf.

18 Epi, se te konsa, Amalikya te fè youn nan sèvitè l yo anpwazonnen Leyonti tikal pa tikal; jistan li te mouri.

19 Kounyeya, lè Leyonti te mouri, Lamanit yo lonmen Amalikya dirijan ak dirijan anchèf.

20 Epi, se te konsa, Amalikya te mache avèk lame l yo, (paske volonte l te akonpli) pou l ale nan peyi Nefi a, nan vil Nefi a, ki te vil prensipal la.

21 Epi, Wa a te sòti pou l rankontre l avèk gad li yo, paske li te konprann Amalikya te akonpli kòmandman l yo, epi Amalikya te rasanble yon lame ki te tèlman gwo pou l al goumen avèk Nefit yo.

22 Men gade, lè wa a te sòti pou l rankontre Amalikya, Amalikya te voye sèvitè l yo rankontre wa a. Yo t ale, e yo te bese devan wa a kòm si yo t ap onore l poutèt grandè l.

23 Epi, se te konsa, wa a te lonje men l pou l leve yo dapre koutim Lamanit yo, kòm yon senbòl lapè. Yo te pran koutim sa a nan men Nefit yo.

24 Epi, se te konsa, lè l te leve an premye atè a, li te ponyade wa a nan kè; epi wa a te tonbe atè a.

25 Epi, sèvitè wa yo te kouri; e sèvitè Amalikya yo te rele fò, yo di:

26 Men sèvitè wa a ponyade l nan kè, li tonbe epi yo kouri; vin gade.

27 Epi, se te konsa, Amalikya te kòmande lame l yo pou y al wè sak pase wa a; lè yo te rive nan plas la epi yo te wè wa a kouche nan san l, Amalikya te fè kòm si l fache epi li te di: Nenpòt moun ki te renmen wa a, li mèt ale dèyè sèvitè yo pou l kapab touye yo.

28 Epi, se te konsa, tout moun ki te renmen wa a, lè yo te tande pawòl sa yo, yo t ale dèyè sèvitè wa yo.

29 Kounyeya, lè sèvitè wa yo te wè yon lame ap vini dèyè yo, yo te pè ankò, epi yo te kouri al nan dezè a, yo t al nan peyi Zarayemla a epi yo te jwenn avèk “pèp Amon an.

30 Epi, lame ki te suiv yo a, te suiv yo pou granmèsi; se konsa Amalikya te pran kè pèp la nan koken.

31 Epi, se te konsa, nan demen, li te antre nan vil Nefi a avèk lame li yo epi li te pran vil la.

32 Epi kounyeya, se te konsa, lè rèn nan te tande wa a te mouri—paske Amalikya te voye yon anbasadè kote rèn nan pou fè l konnen sèvitè wa yo te touye l, epi li te suiv yo avèk lame l yo, men se te pou granmèsi paske, yo te gen tan chape pou l yo.

33 Se poutèt sa, lè rèn nan te resevwa mesaj sa a, li te voye kote Amalikya, li te vle pou Amalikya ta epaye pèp ki nan vil la; epi li te vle pou Amalikya

vin kote l; epi li te vle pou l vini avèk temwen pou temwaye konsènan lanmò wa a.

34 Epi, se te konsa, Amalikya te pran menm sèvitè ki te touye wa a ak tout moun ki te avèk li yo, epi li t al jwenn rèn nan, kote l te chita a. Yo tout te temwaye devan rèn nan, yo te di l se pwòp sèvitè wa a ki te touye l; epi tou, yo te di: Yo te kouri; èske sa pa temwaye kont yo? Konsa yo te satisfè rèn nan sou lanmò wa a.

35 Epi, se te konsa, Amalikya te jwenn favè nan men rèn nan, e li te pran rèn nan pou madanm; konsa, avèk kraponnay li epi avèk asistans sèvitè kòwonpi li yo, li te jwenn wayòm nan; wi, yo te rekonèt li kòm wa nan tout peyi a, nan pami tout pèp Lamanit la, ki te “konpoze avèk Lamanit, Lemyelit, Ismayelit ak tout Nefit separatis ki te nan pami yo, depi lè gouvènman Nefi a jouk kounyeya.

36 Kounyeya, “Separatis sa yo te gen menm enstriksyon ak enfòmasyon Nefit yo te genyen an, wi, yo te enstwi nan menm ^bkonesans Senyè a, men, li dwòl pou nou wè, yon tikras tan apre divizyon yo, yo te vin pi di, ‘pi pa t gen repantans, pi sovaj, pi mechan, pi fewòs pase Lamanit yo—yo te vale tradisyon Lamanit yo; yo te adopte parès ak tout kalite imoralite; wi yo te bliye Senyè Bondye yo a nèt.

CHAPIT 48

Amalikya pouse Lamanit yo kont

Nefit yo—Mowoni prepare pèp li a pou defann kòz kretyen yo—Li pran plèzi nan libète epi li se yon nonm puisan nan Bondye. Anviwon 72 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, menm lè Amalikya te jwenn wayòm nan, li te kòmanse sòlve kè Lamanit yo kont pèp Nefi a; wi, li te lonmen moun ki pou pale ak Lamanit yo sou fòtrès yo, kont Nefit yo.

2 Epi Konsa, li te tèlman sòlve kè yo kont Nefit yo, nan finisman dizneyèm ane gouvènman jij yo, li te akonpli sa l te vle jiskaprezan an. Wi, li te wa sou tèt Lamanit yo, li te vle gouvène sou tout tè a, wi, tout pèp ki te sou tè a, Nefit yo ak Lamanit yo tou.

3 Se poutèt sa li te akonpli volonte l, paske, li te fè kè Lamanit yo di epi li te aveglepanse yo, epi li te tèlman pouse yo fè kòlè, yo te rasanble plizyè lame ansanm pou y al goumen avèk Nefit yo.

4 Poutèt moun li yo te anpil, li te vle pran pouvwa sou Nefit yo pou l te kapab jete yo nan esklavaj.

5 Epi konsa, li te lonmen kaptèn “anchèf nan pami Zoramit yo, paske yo te pi konnen fòs Nefit yo, kachèt yo, pati fèb nan vil yo; se poutèt sa, li te lonmen yo kaptèn anchèf sou tèt lame li yo.

6 Epi, yo te pran kan yo e yo te avanse nan direksyon peyi Zarayemla a, nan dezè a.

35a Jakòb 1:13–14.

36a GE Apostazi.

b Ebre 10:26–27;

Alma 24:30.

c Jer. 8:12.

48 5a Alma 43:6.

7 Kounyeya, se te konsa, pandan Amalikya te pran pouvwa nan fwod ak nan blòf desepasyon, Mowoni, bò kote pa l, li t ap "prepare panse pèp la pou yo kapab gen lafwa nan Senyè Bondye yo a.

8 Epi, li t ap ranfòse lame Nefit yo, li te bati ti fò, oubyen, kachèt; li te mete pil tè tout kote pou bare lame li yo, epi tou li te bati miray ak wòch pou antoure yo, pou antoure vil yo ak fwontye peyi a, wi tout alantou peyi a.

9 Epi, kote ki te gen mwens pwoteksyon yo, li te mete plis moun; konsa, li te fòtifye e li te ranfòse peyi Nefit yo te posede a.

10 Epi Konsa, li t ap prepare pou "sipòte libète yo, peyi yo, madanm yo, ak pitit yo, ak lapè yo, pou yo kapab viv pou Senyè Bondye yo a, epi pou yo kapab kenbe sa ènmi yo te rele kòz kretyen yo.

11 Epi, Mowoni te yon gwo nonm fò; li te gen yon "konpreyansyon pafè; wi, li pa t pran plèzi nan fè san koule; nanm li te gen lajwa nan libète pèp peyi l la, ak libète frè l yo anba esklavaj;

12 Wi, kè l te ranpli ak remèsiman pou Bondye l la, pou tout privilèj ak benediksyon li te vide sou pèp li a; se yon nonm ki te travay anpil pou "byennèt ak pwoteksyon pèp li a.

13 Wi, se te yon nonm fèm nan lafwa Kris la, li te sèman avèk "fèmte pou l defann pèp li a, ak

dwa l, ak peyi l, ak relijyon l menm jistan san l koule.

14 Kounyeya, Nefit yo te aprann defann tè yo kont ènmi yo, menm jistan san koule, si se te nesèsè; wi, epi yo te aprann pou yo "pa t janm ofanse; wi, pou yo pa t janm leve yon epe eksepté si se kont yon ènmi, eksepté si se pou prezève lavi yo.

15 Epi se te lafwa yo, yo te kwè si yo fè sa, Bondye t ap fè yo pwospere nan peyi a, oubyen otreman, si yo te respekte kòmandman li yo avèk lafwa, li t ap fè yo pwospere nan peyi a; wi, li t ap avèti yo pou yo kouri, oubyen pou yo prepare lagè, dapre danje ki te genyen;

16 Epi tou, Bondye sa a t ap fè yo konnen si yo dwe al defann tè yo kont ènmi yo, e lè yo fè sa, Senyè a t ap delivre yo; epi se te lafwa Mowoni, e kè l te pran plèzi nan sa; "se pa nan koule san, men se, nan fè bon bagay, nan prezèvasyon pèp li a, wi, nan gade kòmandman Bondye yo a, wi, nan reziste kont inikite.

17 Wi, an verite, an verite, m di nou, si tout moun te, e jamè ta tankou Mowoni, gade menm pouvwa lanfè yo t ap tranble pou tout tan; wi, "dyab la pa t ap janm gen pouvwa sou kè lèzòm.

18 Gade, se te yon nonm tankou Amon, pitit gason Mozya a, wi, menm lòt pitit gason Mozya yo, wi epi tou, Alma, paske yo tout te zòm Bondye.

7a Alma 49:8.

10a Alma 46:12-13.

11a GE Konpreyansyon.

12a GE Antrèd.

13a Alma 46:20-22.

14a Alma 43:46-47;

3 Ne. 3:20-21;

Mòm. 3:10-11;

D&A 98:16.

16a Alma 55:19.

17a 1 Ne. 22:26;

3 Ne. 6:15.

19 Kounyeya gade, Elaman ak frè l yo pa t itil pèp la mwens pase Mowoni; paske yo te preche pawòl Bondye, epi yo te batize tout moun ki te koute pawòl yo pou repantans.

20 Epi, yo t ale e pèp la te “imi-lye tèt yo poutèt pawòl yo, tèlman, Senyè a te fè yo anpil ^bfavè; konsa, pa t gen lagè ak chirepit nan pami yo, wi, menm pandan kat ane.

21 Men, jan m te di a, nan finisman diznevye m ane a, wi, malgre lapè nan pami yo, yo te oblije, kont volonte pa yo, goumen avèk frè yo, Lamanit yo.

22 Wi pou m fini, lagè yo pa t janm sispann avèk Lamanit yo pou anpil ane malgre se te kont volonte yo.

23 Kounyeya, yo te “regrèt poutèt yo te pran lèzam kont Lamanit yo, paske yo pa t pran plèzi nan fè san koule; wi, e sa se pa t tout—yo te regrèt poutèt yo te sèvi kòm zouti pou voye anpil sa nan pami frè yo deyò nan mond sa a, pou y al nan mond etènèl la san preparasyon pou rankontre Bondye yo a.

24 Men, yo pa t kapab aksepte pou lavi yo, “madanm yo ak pitit yo ta pase nan masak anba men moun sovaj ak san pitye ki te frè yo nan tan lontan an, wi, e ki te ^babandone legliz yo a, ki te ale kite yo epi ki t al ansanm ak Lamanit yo pou detwi yo a.

25 Wi, yo pa t kapab sipòte pou frè yo rejwi nan san Nefit yo, tout tan ta gen youn ki ta respekte kòmandman Bondye yo,

paske se te pwomès Senyè a, pou si yo ta respekte kòmandman yo pou yo ta pwospere nan peyi a.

CHAPIT 49

Lamanit ki te anvayi yo pa t kapab pran vil fòtifye Amoniya yo ak vil Noye yo—Amalikya modi Bondye e li fè sèman pou l bwè san Mowoni—Elaman ak frè l yo kontinye ranfòse legliz la. Anviwon 72 AN-VAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, dizyèm jou nan onzyèm mwa ki te nan diznevye m ane a, yo te wè Lamanit yo ki t ap pwoche bò peyi Amoniya a.

2 Epi gade, vil la te rebati e Mowoni te mete yon lame nan fwontyè vil la, e yo te anpile tè alantou yo pou pwoteje yo kont flèch ak wòch Lamanit yo; paske yo te goumen avèk wòch epi avèk flèch.

3 Gade, m te di konsa, vil “Amoniya a te rebati. M di nou, wi, yon pati ladan l te rebati; e paske Lamanit yo te detwi l yon fwa, poutèt inikite pèp la, yo te panse li t ap yon viktim fasil pou yo ankò.

4 Men gade, yo te pran yon desepsyon; paske, Nefit yo te anpile yon bit tè alantou yo ki te tèlman wo, Lamanit yo pa t kapab voye wòch ak flèch yo deyò Nefit yo pou frape yo, ni tou yo pa t kapab ale kote yo san yo pa antre nan pòt la.

5 Lè sa, kaptèn anchèf Lamanit yo te etone anpil, poutèt lasajès

20a GE Enb, imilite.
b 1 Ne. 17:35.

23a D&A 42:45.
24a Alma 46:12.

b GE Apostazi.
49 3a Alma 16:2–3, 9, 11.

Nefit yo te genyen pou ranje plas pou sekirite yo.

6 Kounyeya, chèf Lamanit yo te konprann, poutèt yo te anpil, wi, yo te konprann yo te kapab gen privilèj pou yo vin sou Nefit yo jan yo te fè a; wi, e yo te abiye avèk boukliye, ak kiras; epi tou, yo te abiye avèk rad po bèt, wi rad ki epè pou kouvri kò yo.

7 Epi, ak abiman, yo te panse li t ap fasil pou yo pran pouvwa e pou yo desann frè yo nan esklavaj, oubyen pou yo touye yo epi pou yo masakre yo jan yo vle.

8 Men gade, yo te etone jouk nan dènye bout, pou jan yo te "abiye yo, yon fason moun pa t janm wè nan pami pitit Leyi yo. Kounyeya yo te pare pou Lamanit yo, pou yo batay daprè ens-triksyon Mowoni.

9 Epi, se te konsa, Lamanit yo, oubyen Amalikyayit yo te etone anpil pou preparasyon lagè Nefit yo.

10 Kounyeya, si wa Amalikyaya te desann sòti nan "peyi Nefi a, pou l te dirije lame l la, petèt li t ap fè Lamanit yo atake Nefit yo nan vil Amoniya a; paske, sa pa t fè l anyen pou san pèp li a.

11 Men gade, Amalikyaya pa t desann vin batay pou tèt pa l. Epi, kaptèn anchèf li yo pa t pran chans atake Nefit yo nan vil Amoniya a; paske, Mowoni te chanje direksyon bagay yo nan pami Nefit yo tèlman, Lamanit yo te desi pou kachèt yo epi yo pa t kapab vini sou yo.

12 Se poutèt sa, yo te refijye yo nan dezè a, yo te pran tant yo e

yo te mache nan direksyon peyi Noye a; yo te panse se te yon lòt kote pou yo vin kont Nefit yo.

13 Paske, yo pa t konnen si Mowoni te fòtifye, oubyen si li te bati "fò pwoteksyon pou tout vil nan peyi a nèt; konsa yo te mache nan direksyon peyi Noye a avèk yon fèm detèminasyon; wi, kaptèn anchèf yo te vini e yo te fè sèman pou yo detwi pèp ki nan vil sa a.

14 Men gade, yo te sezi pou yo wè, vil Noye a ki te yon kote fèb, yon lè, kounyeya, Mowoni te fè l vin fò, wi, menm pi fò pase vil Amoniya a.

15 Epi gade, Se te lasajès Mowoni; paske, li te konnen yo t ap pè vil Amoniya a; kòm vil Noye a ki sete pa ti ki te pi fèb nan peyi a, yon lè; se poutèt sa, yo t ap pral ladan l pou yo batay; konsa, sa te pase jan l te vle a.

16 Mowoni te lonmen Leyi kaptèn anchèf sou tèt moun nan vil sa a; epi se te "menm Leyi sa a ki te goumen avèk Lamanit yo nan vale ki nan kote lès rivyè Sidon an.

17 Epi kounyeya, gade, se te konsa, lè Lamanit yo te wè Leyi te kòmande vil la, yo te desi paske yo te pè Leyi anpil; men kaptèn anchèf la te fè sèman pou l atake vil la. Se poutèt sa, yo te monte avèk lame yo.

18 Lamanit yo pa t kapab antre nan fò ki te poteje yo nan okenn lòt fason eksepte nan baryè a poutèt wotè bit ki te monte a, ak pwofondè twou ki te fouye alan-tou yo, si se pa t baryè a.

8a Alma 48:7-10.
10a 2 Ne. 5:8;

Omni 1:12;
Alma 47:1.

13a Alma 48:8.
16a Alma 43:35.

19 Epi konsa, Nefit yo te pare pou detwi tout moun ki ta chèche grenpe pou antre nan fò a nenpòt lòt kote, avèk kout wòch e avèk flèch.

20 Konsa yo te pare, wi, yon gwoup nan moun ki pi fò yo, yo te pare pou touye tout moun ki ta chèche antre nan kote pwoteje yo a, nan baryè a, avèk wòch e avèk fistibal; konsa, yo te pare pou defann tèt yo kont Lamanit yo.

21 Epi, se te konsa, kaptèn Lamanit yo te mennen lame yo devan baryè a e yo te kòmanse goumen avèk Nefit yo pou yo te kapab antre nan kachèt yo; men, Nefit yo te tèlman pouse yo tanzantan, yo te pase anba gwo masak.

22 Kounyeya, lè yo te wè yo pa t kapab gen pouvwa sou Nefit yo, yo te kòmanse fouye pil tè yo desann pou yo te kapab fè wout pou lame yo, pou yo kapab gen menm chans pou goumen; men, pandan yo t ap eseye fè sa, yo te glise anba wòch ak flèch ki te vin frape yo; e tan pou yo ta bouche twou yo avèk pil tè yo t ap rale desann yo, yo t ap yon jan kouvri kadav ak moun blese pa yo.

23 Konsa Nefit yo te gen pouvwa sou ènmi yo; konsa Lamanit yo te eseye detwi Nefit yo jistan kaptèn anchèt Lamanit yo te mouri; wi, epi plis pase mil nan Lamanit yo te mouri; alòske pa t gen yon sèl nanm nan Nefit yo ki te mouri.

24 Te gen anvivon senkant

ki te blese, yo te ekspoze anba flèch Lamanit yo nan baryè a, men yo te pwoteje avèk boukliye yo, avèk kiras yo, e avèk kas yo, tèlman, yo te blese nan janm, anpil nan moun yo te blese trè grav.

25 Epi, se te konsa, lè Lamanit yo te wè tout kaptèn an chèf yo te mouri, yo te kouri al nan dezè a. Epi yo te retounen nan peyi Nefi a pou fè wa yo a, Amalikya, ki te fèt nan ras Nefit la, konnen ki gwo pèt yo te fè.

26 Epi, se te konsa, li te fache anpil kont pèp li a, paske li pa t akonpli volonte l sou Nefit yo; li pa t soumèt yo anba chay esklavaj la.

27 Wi, li te fache anpil, epi li te “modi Bondye ak Mowoni, li te fè ^bsèman pou l bwè san Mowoni; poutèt Mowoni te respekte kòmandman Bondye yo, li te pare pou pwoteje pèp li a.

28 Epi, se te konsa, bò kote pa yo, pèp Nefi a te “remèsye Senyè Bondye yo a poutèt pouvwa san parèy li te anplwaye pou delivre yo anba men ènmi yo.

29 Epi, se konsa dizevyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini.

30 Wi, epi te gen lapè tout tan nan pami yo, epi te gen anpil pwosperite nan legliz la, poutèt atansyon ak dilijans yo te bay pawòl Bondye a, Elaman, Chiblon, Koryanton, Amon ak frè l yo te deklare yo; wi, tout moun ki te òdone nan ^alòd sen Bondye a, yo te batize pou

27^a GE Blasfèm, blasfeme.
b Tra. 23:12.

28^a GE Rekonesan,
remèsiman.

30^a Alma 43:2.

repantans, e yo voye y al preche nan pami pèp la.

CHAPIT 50

Mowoni fòtifye peyi Nefit yo—Yo bati anpil vil tounèf—Lagè ak destriksyon anpare Nefit yo nan jou mechanste ak abominasyon yo—Teyankòm bat Moryanton ak pa tizan l yo—Nefiya mouri, epi pitit gason li a, Paoran responsab fotèy jijman an. Anviwon 72-67 ANVAN JEZIKRI.

Epi kounyeya, se te konsa, Mowoni pa t sispann fè preparasyon pou lagè; oubyen, li pa sispann defann pèp li a kont Lamanit yo; nan kòmansman ventyèm ane gouvènman jij yo, li te fè lame li yo kòmanse fouye bit pou bare tout vil yo nan tout peyi Nefit yo te genyen.

2 Epi, sou tèt bit tè yo, li te fè bati barikad an bwa nan tout vil yo, nan wotè yon nonm.

3 Epi, li te fè mete pikèt sou tèt barikad yo, yo te solid e yo te wo.

4 Li te fè leve fòtrès ki te depase wotè barikad apik yo, epi li te fè bati kachèt sou tèt fòtrès yo pou wòch ak flèch Lamanit yo pa t frape yo.

5 Epi, yo te pare, pou yo te kapab voye wòch anba, jan yo vle, daprè fòs yo, pou yo touye moun ki ta vle pwoche pre miray vil la.

6 Konsa, Mowoni te pare gwo pwoteksyon pou ènmi k ap vini alantou tout vil nan peyi a.

7 Epi, se te konsa, Mowoni te fè lame l yo al nan dezè lès la;

wi, yo t ale epi yo te pouse tout Lamanit ki te nan dezè lès la sou tè pa yo ki te nan sid peyi Zarayemla a.

8 Epi, peyi Nefi a te sòti tou dwat, depi nan kote lès lanmè a jouk nan kote lwès la.

9 Epi, se te konsa, lè Mowoni te fin pouse tout Lamanit yo ale nan dezè lès la, ki te nan nò peyi yo a, li te fè moun ki te rete nan peyi Zarayemla a, ak nan tè alantou yo al nan dezè lès la, nan fwontyè bò rivaj lanmè a, pou yo kapab pran tè a.

10 Li te mete lame nan sid, nan fwontyè tè yo te posede a, epi li te fè yo konstwi "fò yo pou yo te kapab pwoteje lame ak pèp yo anba men ènmi yo.

11 Epi konsa, li te koupe tout fòs Lamanit yo nan dezè lès la, wi, nan lwès la tou; li te fòtifye fwontyè ki separe Nefit yo avèk Lamanit yo, peyi Zarayemla a ak peyi Nefi a, depi nan lanmè lwès ki pase alatèt rivyè Sidon an—Nefit yo te posede tout tè nan nò yo, wi, menm tout tè ki te nan nò peyi Abondans la, jan yo te vle.

12 Konsa, Mowoni ak lame l yo, ki te vin plis chak jou, pou tèt asirans pwoteksyon travay li te ba yo, yo te koupe fòs ak pou vwa Lamanit yo depi nan tè pa yo, pou yo te kapab pa gen pou vwa sou tè yo te genyen.

13 Epi, se te konsa, Nefit yo te kòmanse fondasyon yon vil yo te rele vil Mowoni; li te bò lanmè lès la; epi li te nan sid bò fwontyè peyi Lamanit yo.

14 Epi tou, yo te kòmanse

fondasyon yon vil nan mitan vil Mowoni an ak vil Aawon an, ki te kontre fwontyè Aawon ak Mowoni, epi yo te rele non vil la oubyen peyi a, Nefiya.

15 Epi, nan menm ane sa a, yo te kòmanse bati anpil vil tou, nan nò, youn, espesyalman yo te rele Leyi, ki te nan nò bò lanmè a.

16 Epi se konsa ventyèm ane a te fini.

17 Se nan pozisyon pwogrè sa yo pèp Nefi a te ye nan kòmansman venteyinyèm ane gouvènman jij yo sou tèt pèp Nefi a.

18 Yo te pwospere anpil, yo te vin rich anpil, yo te multipliyè, e yo te vin gen fòs nan peyi a.

19 Epi konsa, nou wè kijan tout demach Senyè a gen mizèrikòd ak lajistis, pou l akonpli tout pawòl li pou lèzòm; wi, nou kapab wè pawòl li yo verifye, menm kounyeya, pawòl li te pale avèk Leyi, ki di:

20 Ou beni, pitit ou yo tou; epi yo gen pou yo beni toutotan yo respekte kòmandman m yo, y ap pwospere nan peyi a. Men, sonje, toutotan yo pa respekte kòmandman m yo, Senyè a ap "retranche yo nan prezans Li.

21 Nou wè pwomès sa yo te verifye pou pèp Nefi a, paske, se te jouman, ak chirepit yo, wi, اساسا ak piyay ak idolatri, ak adiltè ak abominasyon nan pami yo ki te lage lagè ak destriksyon sou yo.

22 Epi, moun ki te respekte kòmandman Senyè a yo avèk lafwa, yo te delivre tout tan,

tandiske anpil milye nan frè yo ki te mechan te tonbe nan esklavaj, oubyen yo te peri anba epe, oubyen yo te dejenere nan enkredilite e yo te melanje avèk Lamanit yo.

23 Men gade, pa t janm gen "plis lajwa nan pami pèp Nefi a depi epòk Nefi, pase nan epòk Mowoni an, wi, menm kounyeya, nan venteyinyèm ane gouvènman jij yo.

24 Epi, se te konsa, venndzyèm ane gouvènman jij yo te fini nan lapè tou; wi, venntwazyèm ane a tou.

25 Epi, se te konsa, nan kòmansman vennkatriyèm ane gouvènman jij yo, t ap gen lapè tou nan pami pèp Nefi a si se pa t pou "chirepit ki te leve nan pami yo konsènan peyi Leyi a, ak peyi Moryanton an ki te kontre ak fwontyè peyi Leyi a; toude te bò rivaj lanmè a.

26 Paske gade, moun ki te rete nan peyi Moryanton yo te reklame yon pati nan peyi Leyi a; konsa, te tèlman kòmanse gen chirepit nan pami yo, pèp Moryanton an te pran lèzam kont frè yo epi yo te deside pou touye yo avèk epe.

27 Men gade, pèp ki te rete nan peyi Leyi a te kouri al nan kan Mowoni an, e yo te mande l asistans; paske yo pa t antò.

28 Epi, se te konsa, lè pèp Moryanton an, ki te gen yon nonm rele Moryanton alatèt li, te wè pèp Leyi a te kouri al nan kan Mowoni an, yo te pè anpil pou lame Mowoni an pa t vin detwi yo.

29 Se poutèt sa, Moryanton te pran kè yo pou yo kapab kouri al nan peyi ki nan nò a, ki te gen anpil dlo a, pou yo kapab posede peyi ki te nan nò a.

30 Yo ta pral akonpli plan sa a, (ki t ap yon kòz pou anpil kriye) men, Moryanton te yon nonm pasyone; li te fache kont youn nan bòn li yo, li te tonbe sou li e li te bat li anpil.

31 Epi, se te konsa, bòn nan te kouri al nan kan Mowoni an epi li te rakonte Mowoni tout bagay sou kesyon an ak entansyon yo te genyen pou y ale nan peyi nò a.

32 Pèp ki te nan peyi Abondans la, oubyen Mowoni te pè pou yo pa koute pawòl Moryanton yo, pou yo pa reyini avèk pèp li a, konsa pou l pa ta pran posesyon pati tè sa yo ki ta fè fondasyon gwo konsekans nan pami pèp Nefi a, wi, konsekans sa yo ta kapab lakòz "libète yo chavire.

33 Se poutèt sa, Mowoni te voye yon lame avèk tant yo pou pran devan pèp Moryanton an, pou rete yo, anvan y al nan peyi nò a.

34 Epi, se te konsa, yo pa t pran devan yo jistan yo te rive nan fwontyè peyi "Dezolasyon an; se la yo te pran devan yo, nan ti chemen kwense ki pase bò lanmè nò a, wi, bò lanmè a, nan lwès ak nan lès.

35 Epi, se te konsa, lame Mowoni te voye a te gen yon nonm alatèt li ki te rele Teyankòm, lame a te rankontre pèp Moryanton an; e pèp Moryanton an te tèlman gen tèt di, (Koryanton

te enspire yo avèk mechanste e avèk pawòl flatè l yo) yon batay te kòmanse nan pami yo; nan batay la, Teyankòm te touye Moryanton e li te gen viktwa sou lame li a, li te fè yo prizonye epi li te retounen nan kan Mowoni an. Se konsa vennkatryèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini.

36 Epi konsa, yo te mennen pèp Moryanton an tounen. Anba alyans pou yo kenbe lapè, yo te retabli nan peyi Moryanton an, e yo te reyini avèk pèp Leyi a; epi pèp Leyi a te tabli nan peyi pa yo tou.

37 Epi, se te konsa, nan menm ane a lapè te tabli nan pami pèp Nefi a, Nefiya, dezyèm jij anchèf la, te mouri. Li te ranpli travay li nan fotèy jijman an avèk dwati, san fòt devan Bondye.

38 Men, li te refize Alma pran rejis sa yo ak bagay sa yo ki Alma ak papa l te konsidere sakre anpil yo; se poutèt sa, Alma te bay Elaman, pitit gason li a bagay sa yo.

39 Gade, se te konsa, yo te lonmen pitit gason Nefiya a sou fotèy jijman an, nan plas papa l; wi, yo te lonmen l jij anchèf ak gouvènè sou pèp la, avèk sèman e avèk òdonans sakre pou l jije nan lajistis, pou l kenbe lapè ak libète pèp la e pou l ba yo privilèj sakre pou yo adore Senyè Bondye yo a, wi, pou l sipòte e pou l gade kòz Bondye a tout lavi l, e pou l mennen mechan yo nan lajistis daprè krim yo.

40 Li te rele Paoran. Paoran te

chita nan fotèy papa l la, li te kòmanse gouvènman li a nan finisman vennkatriyèm ane a sou pèp Nefi a.

CHAPIT 51

Moun wa yo vle chanje lalwa a e yo mete yon wa—Pèp la sipòte Paoran ak moun lib yo—Mowoni oblije moun wa yo defann peyi yo, otreman, l ap touye yo—Amalikya ak Lamanit yo sezi anpil vil fòtifye—Teyankòm pouse anwayisman Lamanit yo, epi li touye Amalikya nan tant li. Anviwon 67-66 ANVAN JEZIKRI.

Epi kounyeya, se te konsa, nan kòmansman vennsenkyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a, yo te tabli lapè ant pèp Leyi ak pèp Moryanton an sou zafè tè yo, epi yo te kòmanse vennsenkyèm ane a nan lapè.

2 Men, yo pa t gen lapè nèt nan peyi a, paske te kòmanse gen chirepit nan pami pèp la konsènan Paoran, jij anchèf la; paske, te gen yon gwoup nan pèp la ki te vle pou kèk pwèn nan lalwa a ta chanje.

3 Men gade, Paoran pa t vle chanje lalwa a, ni tou li pa t kite yo chanje lalwa a; se poutèt sa, li pa t koute moun ki te voye vot ak petisyon yo pou lalwa a kapab chanje a.

4 Se poutèt sa, moun yo ki te vle lalwa a chanje a, yo te fache kont li, epi yo pa t vle l kòm jij anchèf nan peyi a ankò; se poutèt sa, yon gwo diskisyon te leve nan peyi a sou bagay sa a, men sa pa t fè san koule.

5 Epi, se te konsa, moun ki te vle detwone Paoran sou fotèy jijman an, te rele: moun wa yo, paske yo te vle pou lalwa a chanje yon jan pou jete gouvènman lib la e pou tabli yon wa nan peyi a.

6 Epi moun ki te vle pou Paoran rete jij anchèf nan peyi a, te rele tèt yo, moun lib; se konsa divizyon an te ye nan pami yo, paske, moun lib yo te fè sèman oubyen yo te fè alyans pou yo pwoteje dwa yo, privilèj yo, ak relijyon yo nan yon gouvènman lib.

7 Epi, se te konsa, pèp la te regle zafè chirepit sa a avèk vòt. Epi, se te konsa, vòt pèp la te an favè moun lib yo, epi Paoran te konsève fotèy jijman an. Sa te lakòz anpil rejwisans nan pami frè Paoran yo ak anpil nan pèp lib yo ki te mete silans sou moun wa yo pou yo pa t pran chans opoze, men yo te oblije yo defann kòz libète a.

8 Kounyeya, moun sa yo ki te vle yon gwo wa, moun ki "gwo zouzoun yo, e yo te vle wa; epi moun ki te vle pouvwa ak otorite sou pèp la te sipòte yo.

9 Men gade, se te yon move moman pou chirepit konsa nan pami pèp Nefi a; paske gade, Amalikya te soulve kè pèp Lamanit yo kont pèp Nefi yo ankò, epi li t ap rasanble sòlda nan tout pati peyi a, li t ap ba yo zam, li t ap prepare pou lagè avèk dilijans; paske li te "sèmante pou l bwè san Mowoni.

10 Men gade, nou gen pou

nou wè pwomès li te fè a te temerè; men, li te pare tèt li ak lame li yo pou vin goumen avèk Nefit yo.

11 Kounyeya, lame li yo pa t anpil tankou yo te ye anvan an, poutèt anpil milye ki te mouri anba men Nefit yo; men, malgre gwo defisi yo te fè, Amalikya te tèlman rasanble yon gwo lame, li pa t pè desann nan peyi Zaramyemla a.

12 Wi, menm Amalikya pou tèt pa l li te desann alatèt Lamanit yo. Se te nan vennsenkyèm ane gouvènman jij yo; epi se te menm lè yo te kòmanse regle zafè chirepit yo konsènan jij anchèf la, Paoran.

13 Epi, se te konsa, lè moun ki te rele moun wa yo te tandè Lamanit yo t ap desann vin goumen avèk yo, yo te kontan nan kè yo; yo te refize pran lèzam, paske yo te tèlman fache kont jij anchèf la epi kont "pèp patizan libète a; konsa, yo pa t vle pran lèzam pou defann peyi yo a.

14 Epi, se te konsa, lè Mowoni te wè sa, epi tou li te wè Lamanit yo ap vini sou fwontyè peyi a, li te fache anpil poutèt tèt di pèp sa a, li te travay avèk anpil dilijans pou l pwoteje yo; wi, li te fache anpil; nanm li te plen kòlè kont yo.

15 Epi, se te konsa, li te voye yon petisyon avèk vòt pèp la bay gouvènè peyi a, pou gouvènè a li l, e pou l bay Mowoni pouvwa pou l kapab oblije moun ki te divize yo defann peyi yo, oubyen pou l touye yo.

16 Epi, se te konsa, se te

premye desizyon li te pran pou l sispann chirepit ak disansyon nan pami pèp la; paske gade se sa ki te lakòz tout destriksyon sa yo. Epi li te jwenn pèmisyon dapre vòt pèp la.

17 Epi, se te konsa, Mowoni te kòmande lame li a al dèyè moun wa yo, pou desann lògèy yo ak grandè yo, epi pou bese yo atè, oubyen pou yo pran lèzam epi pou yo sipòte kòz libète a.

18 Epi, se te konsa, lame yo te mache kont yo; yo te tèlman desann lògèy ak grandè yo, lè yo te leve zam pou lagè pou yo goumen avèk moun Mowoni yo, yo te chavire plat atè.

19 Epi, se te konsa, te gen kat mil nan "rebèl yo ki te tonbe anba epe; e moun nan pami dirijan yo ki pa t mouri nan batay la, Nefit yo te arete yo mete yo nan prizon, paske pa t gen tan pou jije yo kounyeya.

20 Epi, rès rebèl yo, tan pou yo ta tonbe atè anba epe, yo te prefere aksepte modèl libète a, e yo te oblije monte "drapo libète a sou fòtrès yo, nan vil yo, epi pou yo pran lèzam pou yo defann peyi yo.

21 Epi konsa, Mowoni te tèlman mete fen nan zafè moun wa yo, pèsonn pa t pote non sa a ankò; epi konsa, li te mete fen nan tèt di ak lògèy moun ki te deklare se gwo kòlèt yo ye; men, yo te oblije vin gen imilite tankou frè yo te fè a, pou yo goumen avèk kouraj pou yo kapab gen libète sou esklavaj.

22 Gade, se te konsa, pandan

“Mowoni t ap fè lagè ak chirepit sispan nan pami pèp li a, pou l kapab soumèt yo nan lapè ak sivilizasyon, e li t ap fè preparasyon kont Lamanit yo, lè sa a, Lamanit yo te vin nan peyi Mowoni an, ki te sou fwontyè bò lanmè a.

23 Epi, se te konsa, Nefit yo pa t ase fò nan vil Mowoni an; se poutèt sa, Amalikya te pouse yo, li te touye anpil. Epi, se te konsa, Amalikya te sezi vil la, wi, li te sezi tout fò yo.

24 Epi moun ki te kouri sòti nan vil Mowoni yo pou al nan vil Nefiya a, ak pèp vil Leyi a tou te rasanble ansanm, e yo fè preparasyon, yo te pare pou goumen avèk Lamanit yo.

25 Men, se te konsa, Amalikya pa t vle Lamanit yo al goumen avèk vil Nefiya a, men li te kenbe yo bò rivaj lanmè a, li te kite sòlda nan tout vil yo pou fè defans.

26 Epi konsa, li te kontinye sezi anpil vil, vil Nefiya a, vil Leyi a, vil Moryanton an, vil Omnè a, ak vil Jid la, ak vil Melèk la tou; yo tout te nan lès bò rivaj lanmè a.

27 Epi konsa, avèk mèt dam Amalikya, Lamanit yo te pran anpil vil, avèk anpil moun yo ki te rete nan vil sa yo; yo tout te byen fòtifye dapre kalite a fòtifikasyon Mowoni yo; yo tout te bay Lamanit yo bon defans.

28 Epi, se te konsa, yo te mache nan fwontyè peyi abondans la, yo te chase Nefit yo epi tou, yo te touye anpil.

29 Men, se te konsa, yo te

rankontre Teyankòm ki te “touye Moryanton e ki te pran devan pèp li a ki t ap kouri.

30 Epi, se te konsa, li te pran devan Amalikya tou, ki t ap mache avèk gwo lame l yo pou l al pran peyi abondans la ak tè nan nò yo.

31 Men gade, li te desi lè Teyankòm ak moun li yo te pouse l, paske yo te bon nan sòlda vanyan nan; chak moun Teyankòm yo te depase Lamanit yo nan fòs ak konesans nan zafè lagè, konsa yo te gen avantaj sou Lamanit yo.

32 Epi, se te konsa, yo te tèlman goumen avèk yo, yo te touye yo jistan l te fènwa. Epi, se te konsa, Teyankòm ak moun li yo te plante tant yo nan fwontyè peyi Abondans la; e Amalikya te plante tant li yo bò kote rivaj lanmè a; epi se konsa Teyankòm te chase yo.

33 Epi, se te konsa, lè l te nan nuit, Teyankòm ak sèvitè l yo te sove al nan kan Amalikya a, epi dòmni te pote y ale poutèt fatig ki te akable yo apre travay ak chalè jounen an.

34 Epi, se te konsa, Teyankòm te antre dousman nan tant wa a, li te foure yon ponya nan kè l; e li te touye wa imedyatman, san li pa t reveye sèvitè l yo.

35 Epi li te retounen tou dousman nan kan l la ankò, e moun li yo t ap dòmni, li te reveye yo epi li te di yo tout sa l te fè.

36 Epi, li te prepare lame l yo pou Lamanit yo pa t leve vin tonbe sou yo.

37 Epi, se konsa vennsenkyèm

ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini, epi konsa lavi Amalikya te pase.

CHAPIT 52

Ammowon ranplase Amalikya kòm Wa Lamanit yo—Mowoni, Teyankòm ak Leyi mennen Nefi yo nan viktwa kont Lamanit yo—Yo rebran vil Melèk la, epi yo touye Jakòb, Zoramit la. Anviwon 66-64 ANVAN JEZIKRI.

Epi kounyeya, se te konsa, vennsizyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a, lè Lamanit yo te leve nan premye jou premye mwa a, yo te jwenn Amalikya mouri nan tant li a; epi yo te wè Teyankòm prepare pou goumen avèk yo menm jou sa a.

2 Epi kounyeya, lè Lamanit yo te wè sa, yo te pè; yo te chanje lide yo sou zafè al nan peyi nò a, epi yo te rete avèk tout lame yo nan vil Melèk la, yo te chèche pwoteksyon nan fò yo.

3 Epi, se te konsa, yo te lonmen frè Amalikya a wa alatèt pèp la; li te rele Ammowon; konsa, wa Ammowon, frè wa Amalikya a te lonmen pou l gouvèn nan plas li.

4 Epi, se te konsa, li te kòmande pèp li a pou yo kenbe vil yo te pran nan fè san koule yo; paske pa t gen yon vil yo te pran san yo pa t fè san koule.

5 Epi kounyeya, Teyankòm te wè Lamanit yo te deside pou yo kenbe vil yo te pran yo ak pati nan tè a yo te sezi yo, e li te wè jan yo te anpil, Teyankòm pa t

wè l nesèsè pou l atake yo nan fò yo.

6 Men, li te kenbe moun li yo nan alantou, kòm si l t ap pare pou lagè; wi, reyèlman, li t ap pare pou l fè defans kont yo, pou l "monte miray alantou e pou l pare kachèt.

7 Epi, se te konsa, li te kontinye preparasyon pou lagè konsa jistan Mowoni te voye anpil moun pou ranfòse lame l yo.

8 Epi, Mowoni te ba l lòd pou l kenbe tout prizonye ki te tonbe anba men l; paske menm jan Lamanit yo te kenbe tout prizonye yo, konsa li te dwe kenbe tout prizonye Lamanit yo pou l fè echanj avèk tout moun Lamanit yo te pran.

9 Epi tou, li te ba l lòd pou l fòtifye peyi Abondans la, epi pou l mete sekirite nan "chemen kwense ki mennen nan nò a, pou Lamanit yo pa t pran zòn sa a, e pou yo pa t gen pouvwa pou sènen yo tout kote.

10 Epi, Mowoni te voye fè l konnen pou l rete fidèl nan kenbe pati tè sa a avèk lafwa, pou l chèche tout opòtinite pou kwense Lamanit yo nan pòsyon tè sa a, nan mwayen pouvwa l ta pèmèt li, pou, petèt li ta kapab anlwaye mètdam, oubyen nenpòt lòt mwayen pou l ta pran vil ki te nan men yo; pou l fòtifye, ranfòse vil alantou ki te tonbe nan men Lamanit yo.

11 Epi tou li te di l konsa, m ta vin jwenn ou, men, Lamanit yo sou nou nan fwontyè bò lanmè

lwès la; m pral pou yo, m pa kapab vin jwenn ou.

12 Kounyeya Wa a (Ammowon) te kite peyi Zarayemla a, li te fè rèn nan konnen frè l la te mouri, li te rasanble anpil moun, epi li te mache kont Nefit yo nan fwontyè lwès bò lanmè a.

13 Epi konsa, li te dispoze pou l kwense Nefit yo pou l te kapab efase yon pati nan fòs yo te genyen nan pati sa ki te nan peyi a, e li te kòmande moun li te kite nan vil li te pran yo, pou y al kwense Nefit yo sou fwontyè yo, nan lès bò lanmè a, epi pou yo sezi tè yo nan mwayen pouvwa yo te pèmèt yo, dapre pouvwa lame yo te genyen.

14 Epi, se nan sitiyasyon danje sa a Nefit yo te ye nan finisman vennsityèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a.

15 Men gade, se te konsa, nan vennsityèm ane gouvènman jij yo, Teyankòm, te resevwa lòd nan men Mowoni—Mowoni sa a ki te tabli lame pou pwo-teje fwontyè lwès ak sid peyi a e ki te kòmanse mache sou peyi Abondans la pou li menm ak moun li yo te kapab ede Teyankòm rebran vil yo te pèdi yo—

16 Epi, se te konsa, Teyankòm te resevwa lòd pou l atake vil Melèk la e pou l ta rebran l si sa ta posib.

17 Epi, se te konsa, Teyankòm te fè preparasyon pou l atake vil Melèk la, epi pou l mache avèk lame l la kont Lamanit yo; men, li te wè l enposib pou l konbat yo pandan yo te nan fò yo; se poutèt sa, li te kite plan sa a epi li te retounen nan vil Abondans

la pou l te kapab ret tann Mowoni pou l te kapab jwenn fòs pou lame l yo.

18 Epi, se te konsa, Mowoni te rive avèk lame l yo nan peyi Abondans la nan finisman vennsityèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a.

19 Epi, nan kòmansman ventuityèm ane a, Mowoni, Teyankòm ak anpil nan kaptèn an chèf yo te òganize yon konsèy pou lagè—kisa pou yo ta fè pou Lamanit yo ta sòti vin goumen avèk yo; oubyen, pou yo ta kraponnen yo pou yo ta sòti nan fò yo, pou yo kapab gen avantaj pou yo ta pran vil Melèk la ankò.

20 Epi, se te konsa, yo te voye yon anbasadè al jwenn chèf lame Lamanit ki t ap veye vil Melèk la,—li te rele Jakòb—pou Jakòb kapab vini avèk lame l yo, pou rankontre yo nan plèn ki te nan mitan de vil yo. Men, Jakòb ki te yon Zoramit, li pa t vle sòti avèk lame l yo pou l rankontre yo nan plèn nan.

21 Epi, se te konsa, Mowoni pa t espere rankontre yo deyò, li te monte yon plan pou l te kapab dekole Lamanit yo nan fò yo.

22 Se poutèt sa, li te fè Teyankòm pran yon ti kras moun, pou l desann bò rivaj lanmè a nan nuit, Mowoni ak moun pa l yo pral mache nan dezè a, nan lwès vil Melèk la; konsa, nan maten, lè gad Lamanit yo dekouvri Teyankòm, yo t ale e yo te di Jakòb, chèf yo a sa.

23 Epi, se te konsa, lame Lamanit yo te pousuiv Teyankòm, yo te konprann, poutèt ti kantite sa a, yo te kapab kraze ti gwoup

Teyankòm nan. Epi lè Teyankòm te wè lame Lamanit y ap sòti vin dèyè l, li te kòmanse desann bò lanmè nò a.

24 Epi, se te konsa, lè Lamanit yo te wè l ap kouri, yo te pran fòs e yo te suiv yo pi rèd. Epi, pandan Teyankòm t ap pèdi Lamanit ki t ap suiv li yo pou an-yen, Mowoni te kòmande yon pati nan lame ki te avèk li yo pou yo mache al pran vil la.

25 Epi, yo t ale epi yo te touye tout moun ki te rete pou pwoteje vil la, wi, tout moun ki pa t vle remèt zam pou lagè yo.

26 Epi konsa, Mowoni te pran vil Melèk la avèk yon pati nan lame l la pandan li t ap mache avèk rès yo pou rankontre Lamanit yo lè yo retounen fin suiv Teyankòm.

27 Epi, se te konsa, Lamanit yo te suiv Teyankòm jistan yo te rive pre vil Abondans la, epi yo te rankontre Leyi ki te rete avèk yon ti lame pou pwoteje vil Abondans la.

28 Epi kounyeya gade, lè kap-tèn anchèf Lamanit yo te wè Leyi ak lame a t ap vin sou yo, yo te kouri san disiplin, pou, pe-tèt yo te kapab pran vil Melèk la anvan Leyi ta pran yo; paske, yo te fatige poutèt yo te mache, e moun Leyi yo te fre.

29 Epi, Lamanit yo pa t konnen Mowoni te dèyè yo avèk lame l la; tout sa yo te pè, se te Leyi ak moun li yo.

30 Leyi pa t vle tonbe sou yo jistan yo rankontre Mowoni ak lame li a.

31 Epi, se te konsa, anvan

Lamanit yo te rive lwen, Nefit yo te antoure yo anba, ak moun Mowoni yo yon bò, e moun Leyi yo yon lòtbò, yo tout se te moun fre ki te plen fòs; men Lamanit yo te fatige poutèt yo te mache anpil.

32 Epi, Mowoni te kòmande moun li yo pou yo tonbe sou yo jistan yo remèt zam pou lagè yo.

33 Epi, se te konsa, Jakòb ki te chèf yo, ki te yon "Zoramit tou, ki te gen yon lespri enkonparab, li te mennen Lamanit yo goumen kont Mowoni avèk anpil raj.

34 Mowoni te sou chemen yo, men, Jakòb te deside touye yo pou l te kapab fè chemen pou l ale nan vil Melèk la. Men gade, Mowoni ak moun li yo te pi fò; se poutèt sa, yo pa t bay Lamanit yo pase.

35 Epi, se te konsa, tou de gwoup yo te batay avèk anpil raj; e te gen anpil ki te mouri nan de gwoup yo; wi, Mowoni te blese e Jakòb te mouri.

36 Epi, Leyi te kouri dèyè yo avèk anpil raj avèk gason vanyan li yo, Lamanit dèyè yo te remèt zam pou lagè yo, e rès yo te nan konfizyon, yo pa t konnen ki kote pou yo fè ni pou yo frape.

37 Kounyeya, Mowoni te wè yo nan konfizyon, li te di yo: Si nou pote zam pou lagè nou yo ban nou, n ap sispann fè san nou koule.

38 Epi, se te konsa, lè Lamanit yo te tandè pawòl sa yo, kap-tèn anchèf yo, tout moun ki pa

t mouri yo te vini, epi yo te jete zam pou lagè yo nan pye Mowoni, epi yo te kòmande moun yo pou yo te fè menm jan an.

39 Men gade, te gen anpil moun ki pa t vle; moun ki pa t vle yo, yo te mare yo anba kòd, epi yo te pran zam pou lagè yo nan men yo, e yo te oblije mache al nan peyi Abondans la avèk frè yo.

40 Epi kounyeya, kantite prizonye yo te pi plis pase moun ki te mouri yo, wi, plis pase moun ki te mouri nan de kan yo.

CHAPIT 53

Prizonye Lamanit yo sèvi pou fòtifye vil Abondans la—divizyon nan pami Nefit yo fasilite viktwa Lamanit yo—Elaman kòmande de mil jèn pitit gason pèp Amon yo. Anviwon 64–63 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, yo te mete gad siveye prizonye Lamanit yo, e yo te oblije y al antere mò pa yo, wi, ak mò Nefit yo tou; epi Mowoni te mete gad pou siveye yo pandan yo t ap fè travay la.

2 Epi kounyeya gade, Mowoni t ale nan vil Melèk la avèk Leyi, li te pran kòmandman vil la, e li te bay Leyi l. Leyi sa a, te ansanm avèk Mowoni nan prèske tout batay li yo; li te “menm kategori moun avèk Mowoni, e yo te kontan, paske anyen pa t rive yo youn; wi, youn te renmen lòt epi tout pèp Nefi a te renmen yo.

3 Epi, se te konsa, lè Lamanit yo te fin antere mò pa yo ak mò Nefit yo, yo te fè yo tounen nan peyi Abondans la; e Teyankòm

te pran lòd nan men Mowoni e li te fè Lamanit yo kòmanse travay nan fouye bit alantou peyi a, oubyen vil Abondans la.

4 Epi, Li te fè yo bati yon “gwo chapant an bwa andedan twou a, e yo te wete tè nan twou a pou bare chapant an bwa a; konsa, yo te fè Lamanit yo travay jistan yo te antoure vil Abondans la nèt avèk yon gwo kloti an bwa ak tè, ki te wo anpil.

5 Epi, vil sa a te vin gen anpil pwoteksyon apre sa a; se nan vil sa yo te kenbe prizonye Lamanit yo; wi, menm dèyè miray yo te fè yo bati avèk men pa yo a. Mowoni te oblije fè Lamanit yo travay, paske li te fasil pou veye yo pandan yo t ap travay e li te vle gen tout fòs li yo lè l ta gen pou l atake Lamanit yo.

6 Epi, se te konsa, Mowoni te gen viktwa sou youn nan pi gwo lame Lamanit yo; li te pran vil Melèk la ki te youn nan pi gwo pwoteksyon Lamanit yo nan peyi Nefi a, epi tou, li te bati yon kachèt solid pou l te kenbe prizonye l yo.

7 Epi, se te konsa, li pa t chèche goumen avèk Lamanit yo nan ane sa a, men, li te anlwaye moun li yo pou prepare lagè; wi, pou te konstwi pou pwoteje yo kont Lamanit yo, wi, pou delivre fi yo ak timoun yo anba famin ak afliksyon, epi pou te bay manje pou lame yo.

8 Epi kounyeya, se te konsa, pandan Mowoni te absan lè l t al regle kèk chirepit ki te lakòz divizyon nan pami Nefit yo, lame Lamanit yo ki te bò lwès rivyè

sid yo te pran pye sou Nefit yo, wi, konsa, yo te sezi anpil vil nan zòn sa a.

9 Epi, konsa, poutèt inikite nan pami yo, wi poutèt disansyon ak entrig nan pami yo, yo te tonbe nan pi move sitiyasyon.

10 Epi kounyeya gade, m gen kèk bagay pou m di konsènan pèp “Amon an, ki te Lamanit nan kòmansman; men, poutèt Amon ak frè l yo, oubyen, poutèt pouvwa Bondye a, yo te ^bkonvèti nan Senyè a; yo te mennen yo nan peyi Zarayemla a, epi depi lè sa a, Nefit yo te pwoteje yo.

11 Epi, poutèt sèman yo te fè, yo pa t kapab pran lèzam kont frè yo; paske yo te fè sèman pou yo “pa t janm vèsè san ankò; e dapre sèman yo te fè, yo ta pito peri; wi, yo ta pito kite tèt yo tonbe nan men frè yo, si se pa t poutèt pitye ak anpil lanmou Amon ak frè l yo te genyen pou yo.

12 Se poutèt sa, yo te mennen yo nan peyi Zarayemla a, e Nefit yo te “pwoteje yo.

13 Men, se te konsa, lè yo te wè danje, anpil afliksyon ak tribilasyon Nefit yo te soufri pou yo, yo te gen konpasyon pou yo e yo “te anvi pran lèzam pou defann peyi yo.

14 Men gade, pandan yo ta pral pran lèzam nan lagè pou yo, Elaman ak frè l yo te konvenk yo pou yo sonje, yo ta pral “vyole yon ^bsèman yo te fè.

15 Epi, Elaman te pè pou yo pa t pèdi nanm yo lè yo ta fè sa; se poutèt sa, tout moun ki te fè alyans sa a, yo te oblije ret gade frè yo goumen anba afliksyon yo, nan move sitiyasyon yo te ye nan tan sa a.

16 Men gade, se te konsa, yo te gen anpil piti gason ki pa t fè alyans pou yo pa t pran lèzam nan lagè pou defann tèt yo kont ènmi yo; se poutèt sa, yo te rasanble ansanm nan tan sa a, tout moun ki te kapab pran lèzam, epi yo te rele tèt yo Nefit.

17 Epi yo te fè alyans pou yo goumen pou libète Nefit yo, wi, pou yo bay lavi yo pou yo pwoteje peyi a; wi, yo te menm fè alyans pou yo pa t janm abondone “libète yo, men, pou yo goumen nan tout sikonstans pou pwoteje Nefit yo ak tèt pa yo anba esklavaj.

18 Kounyeya gade te gen de mil nan jèn gason sa yo ki te fè alyans pou yo pran lèzam nan lagè pou defann peyi yo.

19 Kounyeya gade, kòm yo pa t janm kont Nefit yo, nan tan sa a, yo te vin tounen yon gwo sipò; paske yo te pran lèzam nan lagè epi yo te vle pou Elaman dirije yo.

20 Epi, yo tout te jèn gason, yo te gen anpil “kouraj, ak fòs nan aktivite; men sa se pa t tout—se te moun ki te ^bfidèl tout tan, nan tout sa moun te konfyè yo.

21 Wi, yo te moun verite ak panse klè, paske yo te aprann

10a Alma 27:24–26.

b Alma 23:8–13.

11a Alma 24:17–19.

12a Alma 27:23.

13a Alma 56:7.

14a Nonb 30:2.

b GE Sèman.

17a Alma 56:47.

GE Libète.

20a GE Kouraj,

ankouraje.

b GE Entegrite.

yo pou yo respekte kòmandman Bondye yo epi pou yo “mache dwat devan l.

22 Epi kounyeya, se te konsa, Elaman te pran kòmandman “de mil jèn sòlda li yo, pou ede moun ki te nan peyi sid la bò lanmè lwès la.

23 Se konsa ventuityèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te pase.

CHAPIT 54

Ammowon ak Mowoni fè negosyasyon pou boukante prizonye—Mowoni mande pou Lamanit yo wete kò yo epi pou yo sispann atak sanginè yo—Ammowon mande pou Nefi yo depoze lèzam pou yo li vre tèt yo bay Lamanit yo. Anviwon 63 ANVAN JEZIKRI.

Epi kounyeya, se te konsa, nan kòmansman ventnevyèm ane gouvènman jij yo, “Ammowon te voye mande Mowoni pou l fè boukante prizonye.

2 Epi, se te konsa, Mowoni te santi l kontan anpil pou sa, paske li te bezwen pwovizyon li te bay pou soutni prizonye Lamanit yo pou soutni pèp pa l; epi tou, li te vle pèp pa l pou ranfòse lame pa l.

3 Kounyeya, Lamanit yo te pran anpil fi ak timoun, epi pa t gen yon fi ni yon ti moun nan pami tout prizonye Mowoni yo, oubyen prizonye Mowoni te pran yo; se poutèt sa, Mowoni te envante yon trik pou l jwenn plis prizonye nan men

Lamanit yo nan mwayen sa ta posib.

4 Se poutèt sa, li te ekri yon lèt, epi li te bay sèvitè Ammowon an pote l; menm sèvitè ki te pote lèt la bay Mowoni an. Men pawòl li te ekri Ammowon, li te di:

5 Gade, Ammowon, m ekri w sou zafè lagè sa a w te mennen kont pèp mwen an, oubyen, lagè sa a, “frè w la te mennen kont yo a, epi w deside kontinye apre lanmò l la.

6 Gade, m vle pale w konsènan “lajistis Bondye a ak epe gwo kòlè li ki pandye sou tèt ou si w pa repanti e si w pa wete lame w yo nan peyi nou an, oubyen nan peyi nou posede a, ki se peyi Nefi a.

7 Wi, m ta di w bagay sa yo, si w ta kapab koute yo; wi, m ta vle di w sou zafè “lanfè terib k a p ret tann pou resevwa ^basasen tankou w ak jan frè w la te ye a, si w pa repanti e sispann plan sanginè w yo epi si w pa retouren nan peyi pa w.

8 Menm jan ou te rejte bagay sa yo epi w te goumen kont pèp Senyè a, m espere w ap fè l ankò.

9 Kounyeya gade, nou pare pou ou; wi, si w pa chanje entansyon w, w ap fè kòlè Bondye w rejte a desann sou ou jistan w detwi nèt.

10 Men, menm jan Senyè a vivan an, lame nou yo ap vin sou ou, si w pa rale kò w, epi nan yon ti kras tan, lanmò ap vizite w, paske, n ap pran vil nou yo ak tè nou yo, epi n ap kenbe relijyon nou ak kòz Bondye nou an.

21a GE Mache, mache avèk Bondye.
22a Alma 56:3–5.

54 1a Alma 52:3.
5a Alma 48:1.
6a GE Jistis.

7a GE Lanfè.
b Alma 47:18, 22–24.
GE Ansasen.

11 Men gade, m konnen m ap di w bagay sa yo pou anyen; ou-byen, m konnen w se "piti lanfè; m fini lèt mwen an pou m di w, m p ap boukante prizonye, si se pa avèk kondisyon pou w remèt yon nonm ak madanm li, ak pitit li, pou yon prizonye; si se konsa w vle l, m ap fè boukantaj la.

12 Epi gade, si w pa fè sa, m ap mache sou ou avèk lame m yo; wi, m ap bay menm fi yo ak ti moun yo zam e m ap mache sou ou, m ap suiv ou menm nan peyi w la ki te "premye tè nou te eritye yo; wi, se va san pou san, wi, lavi pou lavi, epi m ap goumen avèk ou jistan m efase w sou sisfas tè a.

13 Gade, m an kòlè, ni pèp mwen an tou; ou te chèche touye nou, epi nou sèlman chèche defann tè nou. Men gade si w chèche detwi nou plis, n ap chèche detwi w; wi, epi n ap chèche pran tè nou yo, premye tè nou te eritye yo.

14 Kounyeya, m fini lèt mwen an; m rele Mowoni; m se dirijan pèp Nefit yo.

15 Kounyeya, se te konsa, lè Ammowon te resevwa lèt sa a, li te fache anpil; epi li te ekri yon lòt lèt voye bay Mowoni; men pawòl li te ekri yo:

16 M se Ammowon, Wa Lamanit yo; m se frè Amalikya ou te "asasinen an. Gade, m ap fè vanjans san l sou ou, wi, epi m ap mache sou ou avèk lame m yo, paske m pa pè kraponnay ou yo.

17 Paske gade zansèt ou yo te

bafwe frè yo, yo te vòlè "dwa yo te genyen nan gouvènman an, lè li te revni yo dedwa.

18 Epi kounyeya gade, si w depeze lèzam, epi si w soumèt tè ou bay moun ki gen dwa nan gouvènman an, pou yo gouvène w, lè sa a, m ap fè pèp mwen an depeze lèzam yo pou yo pa fè lagè ankò.

19 Gade, ou louvri bouch pou w fè pèp mwen an anpil menas; men nou pa pè menas ou yo.

20 Men, m ap chanje prizonye yo, avèk kè kontan, jan w mande a, pou m kapab rezève manje m yo pou sòlda m yo; epi n ap fè yon lagè ki p ap janm fini pou nou soumèt Nefit yo anba otorite nou, oubyen pou nou disparèt yo pou tout tan.

21 Epi, konsènan sou zafè Bondye sa a, ou di konsa nou rejte a, gade nou pa konnen moun konsa, ni w tou, ou pa konnen l; men si ta gen yon moun konsa, nou konnen sèlman li te fè nou e menm jan ak ou.

22 Epi, si gen yon dyab ak yon lanfè, gade èske li p ap voye w ladan l pou w al viv avèk frè m nan ou te touye a, frè m nan ou pran pòz ki ale kote sa a? Men gade, bagay sa yo pa t enterese m.

23 M se Ammowon, epi m se desandan "Zoram, moun zansèt ou yo te fòse fè l desann kite Jerizalèm nan.

24 Epi gade, m se yon Lamanit an granjan; lagè sa a te fèt pou

vanje lenjistis yo, pou pran epi pou kenbe dwa yo nan gouvèman an; m fini lèt m ekri Mowoni an.

CHAPIT 55

Mowoni refize chanje prizonye—Gad Lamanit yo soule epi prizonye Nefit yo libere—Yo pran vil Jid la san okenn san pa t koule. Anviwon 63-62 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, se te konsa, lè Mowoni te resevwa lèt sa a, li te pi fache, paske li konnen Ammowon te konnen pafètman pou tèt pa l se “koken li ye; wi, li konnen Ammowon te konnen se pa t yon kòz ki te jis ki te fè l louvri lagè kont pèp Nefi a.

2 Epi li te di: M p ap chanje prizonye avèk Ammowon, si l pa chanje entansyon l jan m te di nan lèt mwen an; paske m p ap kite l gen plis pouvwa pase sa l genyen an.

3 Gade, m konnen kote Lamanit yo gade moun mwen yo, yo te pran pou prizonye yo; e kòm Ammowon pa t vle fè sa m te mande l yo, m ap fè l jan m te di a; m ap chèche touye jistan yo mande lapè.

4 Epi kounyeya, se te konsa, lè Mowoni te fin di pawòl sa yo, li te fè rechèch nan pami moun li yo pou l kapab jwenn yon desandan Laman nan pami yo.

5 Epi, se te konsa, yo te jwenn youn ki te rele Laman; se te “youn nan sèvitè wa a ke Amalika te touye a.

6 Kounyeya, Mowoni te fè Laman ak yon ti gwoup nan moun

li y al kote gad ki t ap siveye Nefit yo.

7 Kounyeya, Nefit yo te fèmen nan vil Jid la; se poutèt sa, Mowoni te lonmen Laman epi li te voye yon ti gwoup moun ale avèk li.

8 Epi, nan aprè midi, Laman t al jwenn gad ki t ap siveye Nefit yo; e gade yo te wè l ap vini, yo te rele l; men, li te di yo: Pa pè; gade m se yon Lamanit. Gade nou te sove anba men Nefit yo, e y ap dòmi; nou te pran nan diven yo a epi nou te pote l avèk nou.

9 Kounyeya, lè Lamanit yo te tande pawòl sa yo, yo te resevwa l ak lajwa; e yo te di l: Ban nou diven w la pou nou kapab bwè; nou kontan ou te pote diven avèk ou, paske nou fatige.

10 Men, Laman te di yo: Kite nou kenbe diven nou an jistan n al goumen avèk Nefit yo. Epi, pawòl sa a te fè yo pi anvi bwè nan diven an.

11 Paske, yo te di: Nou fatige, kite nou bwè nan diven an epi apre sa, n ap resevwa diven tantantan pa franch pou fòtifye nou pou n ale kont Nefit yo.

12 Epi Laman te di yo: Fè jan nou vle.

13 Epi, se te konsa, yo te bwè diven san rete; li te gou nan bouch yo, se poutèt sa, yo te bwè plis; diven an te fò; yo te pare l pou l fò.

14 Epi, se te konsa, yo te bwè, yo te kontan, epi apre sa yo tout te sou.

15 Kounyeya, lè Laman ak moun li yo te wè yo tout te sou e yo te nan fon somèy, yo te

tounen kote Mowoni epi yo te di l tout sa k te pase.

16 Epi kounyeya, se te daprè plan Mowoni. Epi Mowoni te pare sòlda li yo avèk zam pou lagè e li t al nan vil Jid la, pandan Lamanit yo te nan fon somèy epi yo te sou. Mowoni te bay prizonye yo zam pou lagè jistan yo tout te ame;

17 Wi, menm madanm yo ak pitit yo, tout moun ki te kapab sèvi avèk zam pou lagè; Mowoni te bay tout prizonye sa yo zam, epi tout bagay sa yo te fèt ansekrè.

18 Men, menm si yo ta leve Lamanit yo, yo te sou, epi Nefit yo te kapab touye yo.

19 Men gade, se pa t sa Mowoni te vle, li pa t pran plèzi nan asasina ni fè "san koule, men, li te pran plèzi nan sove pèp li a anba destriksyon; pou l kapab pa fè lenjistis, li pa t ap tonbe sou Lamanit yo pou l detwi yo pandan yo sou.

20 Men, li te jwenn sa l te vle a; paske li te ame prizonye Nefit ki te andedan vil la epi li te ba yo pouvwa pou yo pran pati ki te antoure avèk miray yo.

21 Epi, li te fè moun ki te avèk li yo fè bak e li te fè yo antoure lame Lamanit yo.

22 Kounyeya gade, sa te fèt nan aswè, konsa lè Lamanit yo te leve nan maten, yo te wè yo antoure avèk Nefit tout kote, epi prizonye yo te ame.

23 Epi, konsa, yo te wè Nefit yo te gen pouvwa sou yo; e nan sikonstans sa yo, yo te wè li pa t nesèsè pou yo goumen avèk

Nefit yo, se poutèt sa, kaptèn anchèf yo a te mande yo zam yo; yo te pote yo e yo te lage yo nan pye Nefit yo, epi yo te mande padon.

24 Kounyeya gade, se sa Mowoni te vle. Li te pran yo kòm prizonye lagè, li te pran vil la e li te libere tout prizonye ki te Nefit yo; yo te vin jwenn lame Mowoni an epi yo te yon gwo fòs pou lame l la.

25 Epi, se te konsa, li fè Lamanit li te pran prizonye yo kòmanse "travay nan ranfòsman fòtifikasyon vil Jid la.

26 Epi, se te konsa, lè l te fin fòtifye vil Jid la jan l te vle a, li te fè yo mennen prizonye l yo nan vil Abondans la, epi li te pwoteje vil la avèk yon gwo fòs.

27 Epi, se te konsa, malgre tout entrig Lamanit yo, yo te kenbe e yo te pwoteje tout prizonye yo te pran yo, epi tou yo te kenbe tout pwopriyete ak avantaj yo te rebran.

28 Epi, se te konsa, Nefit yo te kòmanse gen viktwa, yo te kòmanse reklame dwa ak privilèj yo ankò.

29 Epi, Lamanit yo te eseye sènen yo anpil fwa nan nuit, men, nan esè sa yo, yo te pèdi anpil prizonye.

30 Epi anpil fwa tou, yo te eseye fè Nefit yo bwè nan diven yo pou yo kapab detwi Nefit yo avèk pwazon oubyen avèk tafya.

31 Men gade, Nefit yo pa t pèdi tan anvan yo "sonje Senyè Bondye yo a nan tan afliksyon

sa a. Yo pa t kapab tonbe nan pèlen; wi, yo pa t vle bwè nan diven Lamanit yo eksepte yo te bay prizonye Lamanit yo ladan l anvan.

32 Epi konsa yo te pran preskasyon pou okenn pwazon pa t sèvi nan pami yo; paske si diven yo te kapab pwazonnen yon Lamanit, li te kapab pwazonnen yon Nefit tou; konsa, yo te eseye tout likè yo.

33 Epi kounyeya, se te konsa, li te nesèsè pou Mowoni fè preparasyon pou l atake vil Moryanton an, paske Lamanit yo te travay pou yo fòtifye vil Moryanton an jistan li vin yon ranfò solid.

34 Epi yo te kontinye ap menen fòs nan vil sa a, ak nouvo ekipman, ak pwovizyon.

35 Se konsa ventnevyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini.

CHAPIT 56

Elaman voye yon lèt bay Mowoni pou l rakonte sitiyasyon lagè avèk Lamanit yo—Antipous ak Elaman gen gwo vikwa sou Lamanit yo—De mil jèn pitit gason Elaman yo goumen avèk yon pouvwa mirak, e youn ladan yo pa t mouri. Vèsè 1, anvìwon 62 ANVAN JEZIKRI; vèsè 2–19, anvìwon 66 ANVAN JEZIKRI; ak vèsè 20–57, anvìwon 65–64 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, nan kòmansman trantyeèm ane gouvènman jij yo, nan dezyèm jou premye mwa a, Mowoni te resevwa yon lèt nan men Elaman, ki

te pale sou zafè pèp la nan zòn sa a.

2 Epi, men pawòl li te ekri, li te di: Frè byenneme m nan, Mowoni, nan Senyè a ak nan tribilasyon lagè nou yo; frè byenneme m nan, m gen kèk bagay pou m di w konsènan lagè nan zòn sa a.

3 Gade, “de mil nan pitit gason moun Amon te mennen sòti nan peyi Nefi a—ou konnen kounyeya moun sa yo se desandan Laman, ki te premye pitit Leyi, papa nou;

4 Kounyeya, m pa bezwen fè repetisyon sou tradisyon ak enkredilite yo, paske ou konnen tout bagay sa yo—

5 Men sèlman, m vle di w, de mil nan jèn gason sa yo te pran lèzam pou lagè; yo vle pou m dirije yo e nou vini pou nou defann peyi nou an.

6 Epi kounyeya, nou konnen tou, “alyans papa yo te fè, pou yo pa t pran lèzam pou lagè kont frè yo, pou fè san koule.

7 Men, nan vennsizyèm ane a, yo te wè afliksyon ak tribilasyon nou pase poutèt yo, yo ta pral “vyole alyans yo te fè a, epi yo ta pral pran lèzam pou lagè pou yo defann nou.

8 Men, m pa t kite yo vyole alyans yo te fè a, m te konnen Bondye t ap ban nou kouraj pou nou te kapab pa soufri pi plis poutèt yo akonpli sèman yo te fè a.

9 Men gade, gen yon bagay ki dwe fè kè nou kontan anpil. Paske nan vennsizyèm ane a, mwen menm Elaman, m te dirije

de mil jèn gason yo nan vil Jideya a, pou ede Antipous w te lonmen pou dirije moun nan pati tè sa yo.

10 Epi, m te melanje de mil pitit gason m yo (yo diy pou m rele yo pitit gason mwen), avèk lame Antipous a; fòs sa a te fè Antipous kontan anpil; paske fòs Lamanit yo te redui lame li a; anpil nan moun nou yo te mouri, sa te fè nou lapenn.

11 Men gade, nou kapab konsole tèt nou nan zòn sa a; yo te mouri pou peyi yo ak Bondye yo, wi, epi yo "kontan.

12 Epi, Lamanit yo te kenbe anpil prizonye, yo tout se kaptèn anchèf, paske yo pa t kite okenn lòt vivan. Nou kwè yo kounyeya nan peyi Nefi a; si se pa t sa a, yo mouri.

13 Epi kounyeya, men vil Lamanit yo te sezi nan fè koule san anpil nan vanyan sòlda nou yo;

14 Peyi Manti oubyen vil Manti a, vil Zizwòm nan, vil Kimeri an, ak vil Antipara a.

15 Epi, se vil sa yo, yo te genyen lè m te rive nan vil Jideya a; epi m te jwenn Antipous ak moun li yo ap redi avèk fòs yo pou yo te kapab fòtifye vil la.

16 Wi, epi yo te fè depresyon ni nan kò, ak nan lespri, paske yo te rete vanyan nan goumen lajounen, epi nan nuit yo te redi fòs yo pou yo te kapab kenbe vil yo; konsa, yo te soufri tout kalite gwo afliksyon.

17 Epi kounyeya, yo te dispoze pou pran dominasyon sou kote sa a oubyen pou yo mouri; sa

kapab fè nou konnen byen, ti fòs m te pote avèk mwen an, wi, pitit gason m yo, te ba yo gwo espwa ak anpil lajwa.

18 Epi kounyeya, se te konsa, lè Lamanit yo te wè Antipous te resevwa yon pi gwo fòs pou lame li a, daprè lòd Ammowon, yo te oblije pa t atake vil Jideya a, oubyen yo pa t vini sou nou pou yo goumen.

19 Se konsa Senyè a te favorize nou; paske si yo te mache sou nou pandan nou te fèb la, petèt, yo ta kapab detwi ti lame nou an; men, konsa, nou te prezeve.

20 Ammowon te kòmande yo pou yo kenbe vil yo te pran yo. Se konsa vennsizyèm ane a te fini. Epi, nan kòmansman vennsetyèm ane a, nou te pare defans vil nou an.

21 Kounyeya, nou te vle Lamanit yo mache sou nou; paske nou pa t vle atake yo nan kote yo te gen yo.

22 Epi, se te konsa, nou te mete espyon toupa tou pou veye mouvman Lamanit yo, anpeche yo vizite nou nan nuit, ni lajounen, pou yo pa t atake lòt vil nou yo ki te nan nò yo.

23 Paske, nou te konnen lòt vil sa yo pa t ase fò pou twokekòn ak yo; se poutèt sa, nou te vle pran yo nan do, si yo ta pase bò kote nou, pou nou fè yo vire tounen pandan nou pran yo devan tou; men, sa nou te vle a pa t fèt.

24 Yo pa t pran chans vizite nou avèk tout lame yo, ni avèk mòso nan lame yo, ak nan

prekosyon, si yo pa fò ase pou yo pa t tonbe.

25 Yo pa t mache desann kont vil Zarayemla a, ni tou yo pa t pran chans travèse tèt Sidon an, pou y al nan vil Nefiya.

26 Epi konsa, avèk fòs yo, yo te dispoze kenbe vil yo te pran yo.

27 Epi kounyeya, se te konsa, nan dezyèm mwa nan ane sa a, papa de mil pitit gason m yo te pote anpil pwovizyon pou nou.

28 Epi tou yo te voye de mil moun sòti nan peyi Zarayemla a ban nou. Epi konsa, nou te pare avèk di mil sòlda, ak pwovizyon pou yo, e pwovizyon pou madanm yo ak pitit yo.

29 Epi, Lamanit yo te wè fòs nou ap vin plis chak jou, e pwovizyon ap vini pou sipòte nou konsa, yo te kòmanse pè, epi yo te kòmanse sòti pou yo kapab sispann pwovizyon ak ranfò nou yo si sa ta posib.

30 Kounyeya, lè nou te wè Lamanit yo sa te kòmanse ap nwi, nou te vle pran yo nan fent nan kote sa a; se poutèt sa, Antipous te kòmande pou m mache al nan yon vil nan zòn nan ak pitit gason m yo, tankou nou t ap pote pwovizyon nan yon vil nan zòn nan.

31 Epi, nou t ap mache prè vil Antipara a kòm si nou ta pral nan vil lòtbò rivaj lanmè a.

32 Epi, se te konsa, nou te mache kòm si nou te gen pwovizyon pou n al nan vil sa a.

33 Epi, se te konsa, Antipous te mache avèk yon gwoup nan lame li a, li te kite rès yo pou pwoteje vil la. Men, li pa t

avanse jistan m te rive prè vil Antipara a avèk ti lame m nan.

34 Epi konyeya, pi gwo lame Lamanit yo te rete nan vil Antipara a; wi sa k te pi plis la.

35 Epi, se te konsa, lè espyon pa yo te fè yo konn sa, yo te mache sou nou avèk lame yo.

36 Epi, se te konsa, nou te kouri devan yo al nan nò. Epi konsa nou te detounen pi gwo lame Lamanit yo;

37 Wi, sou yon distans tèlman long, lè yo te wè lame Antipous a ap suiv yo ak tout fòs, yo pa t tounen ni a dwat ni agoch; men yo te kontinye mache dwat dèyè nou; epi nou te panse yo te vle touye nou anvan Antipous ta pran yo, e pou yo anpeche yo tonbe nan mitan nou.

38 Epi kounyeya, Antipous te wè malè nou li te fè lame li a mache pi vit. Men gade, li te nan nuit; se poutèt sa yo pa t pran nou, ni tou, Antipous pa t pran yo; se poutèt sa, nou te kanpe pou nuit la.

39 Epi, se te konsa, anvan l te fin jou, gade Lamanit yo t ap suiv nou. Kounyeya nou pa t ase fò pou nou goumen avèk yo; wi, m pa t ap kite ti pitit gason m yo tonbe anba men yo; se poutèt sa, nou te kontinye mache, epi nou te mache nan dezè a.

40 Kounyeya, yo pa t pran chans tounen ni a dwat ni agoch pou nou pa t antoure yo; ni tou, m pa t ni vire a dwat ni a goch pou yo pa t pran m; nou pa t kapab kanpe devan yo pou yo pa touye nou, epi pou yo sove. Konsa, nou te kouri tout

jou sa a nan dezè a jistan l te nan nuit.

41 Epi, se te konsa, lè l te fè jou, nou te wè Lamanit yo te rive sou nou e nou te pran kouri devan yo.

42 Men, se te konsa, yo pa t suiv n ale lwen anvan yo te kanpe; se te nan maten twazyèm jou nan setyèm mwa a.

43 Epi kounyeya, nou pa t konnen si Antipous te pran yo, men, m te di moun mwen yo: Gade nou pa konnen si yo kanpe pou nou kapab mache sou yo, pou yo kapab pran nou nan pyèj;

44 Sa nou di, pitit gason m yo, èske nou vle al goumen avèk yo?

45 Epi kounyeya, m di w, Mowoni, frè byenneme m nan, m pa t janm wè anpil "kouraj konsa, non, menm nan pami tout Nefit yo.

46 Paske, menm jan m te toujou rele yo pitit gason m yo (yo tout te jèn anpil) se konsa yo te di m: Papa, gade Bondye nou an avèk nou epi li p ap kite nou tonbe; nou p ap touye frè nou yo si yo kite nou trankil; men, kite n ale pou yo pa kraze lame Antipous a.

47 Kounyeya, yo pa t janm goumen, men yo pa t pè lanmò; epi yo te reflechi sou "libète zansèt yo plis pase sou lavi pa yo; wi, ^bmanman yo te di yo si yo pa doute, Bondye ap delivre yo.

48 Epi, yo te repete pawòl manman yo ban mwen, yo te di: Nou pa doute; manman nou te konn sa.

49 Epi, se te konsa, m te retou-

nen kont Lamanit ki te suiv nou yo avèk de mil solda mwen yo. Epi kounyeya, lame Antipous yo te jwenn yo, epi yon batay terib te kòmanse.

50 Lame Antipous la te fatige poutèt tout mache yo te fè nan yon ti kras tan, yo te prèske tonbe anba men Lamanit yo; e si m pa t tounen avèk demil solda mwen yo, Lamanit yo t ap fè sa yo te vle a.

51 Paske, Antipous te tonbe anba epe avèk anpil nan dirijan l yo, poutèt fatig yo nan mache vit anpil—konsa, moun Antipous yo te nan konfizyon poutèt dirijan yo te tonbe, yo te kòmanse bay Lamanit yo legen.

52 Epi, se te konsa, Lamanit yo te pran kouraj e yo te kòmanse suiv Nefit yo; se konsa Lamanit yo t ap suiv yo tout fòs lè Elaman te vin dèyè yo avèk de mil solda li yo, e li te kòmanse touye yo anpil, konsa, tout lame Lamanit yo te kanpe epi yo te vire sou Elaman.

53 Kounyeya, lè pèp Antipous la te wè Lamanit yo te fè demi tou, yo te rasanble sòlda yo ansanm e yo te vin nan do Lamanit yo ankò.

54 Epi kounyeya, se te konsa, nou menm pèp Nefi a, pèp Antipous la, e mwen menm avèk de mil solda mwen yo, nou te antoure Lamanit yo, e nou te touye yo; wi, si tèlman, yo te oblije remèt lèzam pou lagè yo, ak tèt pa yo kòm prizonye lagè.

55 Epi kounyeya, se te konsa,

45a Alma 53:20–21.

47a Alma 53:16–18.

b Alma 57:21.

GE Manman.

lè yo te livre tèt yo ban nou, m te konte jèn gason ki te goumen pou mwen yo, pou m wè si anpil ladan yo te mouri.

56 Men gade, m te gen anpil lajwa; pa t gen “yon sèl nanm ki te tonbe atè; wi, epi yo te goumen tankou se te avèk fòs Bondye a; wi, okenn moun pa t janm konn goumen avèk fòs mirak konsa; epi yo te tonbe ak tout fòs sa a sou Lamanit yo, yo te fè Lamanit yo pè; se poutèt sa, Lamanit yo te livre tèt yo kòm prizonye lagè.

57 Epi, Kòm nou pa t gen kote pou nou mete prizonye yo pou nou separe yo ak lame Lamanit yo, nou te voye yo nan peyi Zarayemla a avèk yon pa ti nan moun Antipous yo ki pa t mouri; m te pran rès yo, m te mete yo avèk jèn “Amonit mwen yo, epi nou t al nan vil Jideya a.

CHAPIT 57

Elaman rakonte jan yo te pran Antipara, delivre e pita defann Kimeni—Jèn Amonit Elaman yo goumen avèk vanyans; yo tout blese, men yo youn pa t mouri—Jid fè rapò sou prizonye Lamanit ki mouri e sove yo. Anviwon 63 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, m te resevwa yon lèt nan men Ammowon, wa a, ki te di si nou lage prizonye lagè nou te pran yo, li t ap ban nou vil Antipara a.

2 Men, m te voye yon lèt bay wa a, m te di l nou konnen fòs nou ase pou nou pran vil Anti-

para a; e si nou remèt prizonye yo pou vil sa a, nou t ap konsidere nou pa t gen lasajès, nou ta vle remèt prizonye nou yo sèlman pou fè boukantaj.

3 Epi, Ammowon te refize lèt mwen an, paske li pa t vle fè boukantaj prizonye; se poutèt sa, nou te kòmanse fè preparasyon pou n al goumen avèk vil Antipara a.

4 Men, pèp Antipara a te kite vil la, yo te kouri al nan lòt vil yo te sezi yo pou yo kapab fòtifye yo; konsa, vil Antipara a te tonbe nan men nou.

5 Epi, konsa ventuityèm ane gouvènman jij yo te fini.

6 Epi, se te konsa, nan kòmansman ventnevyèm ane a, nou te resevwa enpe pwovizyon ak moun pou lame nou an ki te sòti nan peyi Zarayemla ak peyi alantou yo; te gen si mil moun, san konte swasant “pitit gason Amonit yo ki te vin jwenn frè yo, ti gwoup de mil sòlda mwen an. Epi gade kounyeya, nou te fò, wi, e nou te gen anpil pwovizyon nou te resevwa.

7 Epi, se te konsa, nou te vle goumen kont lame ki te plase pou pwoteje vil Kimeni an.

8 Epi kounyeya gade, m pral montre nou, nou te akonpli sa nou te vle a nan yon ti kras tan; wi, avèk tout fòs nou, oubyen avèk yon pati nan tout fòs nou, nan nuit, nou te antoure vil Kimeni an, yon ti tan anvan yo te resevwa yon kantite pwovizyon.

9 Epi, se te konsa, nou te kanpe nan alantou vil la pandan anpil

nuit; men, nou te dòmi sou epe nou yo, epi nou te veye pou Lamanit yo pa t vini sou nou nan nuit, pou yo touye nou jan yo te konn eseye fè sa anpil fwa; men, chak fwa yo te eseye fè sa, san yo te koule.

10 Alafen, pwovizyon yo te rive, e yo ta pral antre nan vil la nan nuit. Epi nou menm, tan pou nou ta Lamanit yo, nou te Nefit yo; nou te pran yo avèk pwovizyon yo.

11 Epi, malgre sipò Lamanit yo te koupe nan eta sa a, yo te dispoze kenbe vil la; se poutèt sa, li te vin nesèsè pou nou pran pwovizyon sa yo, pou nou voye yo nan Jideya epi pou nou voye prizonye nou yo nan peyi Zarayemla a.

12 Epi, se te konsa, anpil jou pa t pase anvan Lamanit yo te kòmanse pèdi tout espwa pou sekou; se poutèt sa, yo te remèt vil la nan men nou; e konsa, nou te akonpli volonte nou, nan pran vil Kimeni an.

13 Men, se te konsa, prizonye nou yo te tèlman anpil, malgre nou te anpil, nou te oblije devlope tout fòs nou pou nou kenbe yo, oubyen pou nou touye yo.

14 Paske gade, yo te fè gwo gwoup epi yo te goumen avèk wòch, ak baton oubyen tout bagay ki te tonbe anba men yo; se poutèt sa, nou te touye de mil ladan yo apre yo te fin rann tèt yo kòm prizonye lagè.

15 Se poutèt sa, li te vin nesèsè pou nou te detwi lavi yo oubyen kondi yo, epe nan men, nan peyi Zarayemla a; epi pwovizyon

nou yo te apèn ase pou moun nou yo, malgre sa nou te pran nan men Lamanit yo.

16 Epi kounyeya, nan sikons-tans kritik sa yo, li te vin yon bagay serye pou deside zafè prizonye lagè sa yo; men, nou te deside voye yo nan peyi Zarayemla a; se poutèt sa, nou te chwazi yon pati nan moun nou yo epi nou te bay yo chay pou yo mennen prizonye nou yo nan peyi Zarayemla a.

17 Men, se te konsa, nan demen, yo te retounen. Nou pa t mande yo sou zafè prizonye yo; paske Lamanit yo te sou nou, epi yo te retounen nan bon lè pou yo sove nou anba men Lamanit yo. Paske, Ammowon te voye yon nouvo kantite pwovizyon ak yon gwo lame pou yo.

18 Epi, se te konsa, moun nou te voye avèk prizonye yo te vini nan bon lè pou ede nou, paske, Lamanit yo t a pral kraze nou.

19 Men gade, ti gwoup demilswasant moun mwen yo te goumen avèk tout fòs; wi, yo te kenbe fèm devan Lamanit yo e yo te pase anba lanmò tout moun ki te kare devan yo.

20 Epi, lè rès lame nou an ta pral bay Lamanit yo legen, de mil swasant moun nou yo te kanpe fèm, san yo pa t kraonnen.

21 Wi, yo te obeyi epi yo te eseye akonpli chak kòmandman yo te resevwa avèk presizyon; wi, e yo te jwenn sa yo te vle dapè lafwa yo; epi m te sonje pawòl yo te di m "manman yo te preche yo a.

22 Epi kounyeya gade, se te pitit gason m yo, gason sa yo m te chwazi pou mennen prizonye yo, se yo menm nou dwe gwo viktwa sa a; paske se yo ki te bat Lamanit yo; se poutèt sa, Lamanit yo te sove al nan vil Manti a.

23 Epi, nou te kenbe vil Kimeni nou an, e nou tout pa t detwi anba epe, men nou te pèdi anpil moun.

24 Epi, se te konsa, menm lè Lamanit yo te fin sove a, m te bay lòd pou yo wete tout moun blese m yo nan pami mò yo pou yo kapab panse yo.

25 Epi, se te konsa, te gen de san nan de mil sissan m yo, ki te tonbe poutèt yo te pèdi san; men, dapre bonte Bondye, nou te etone anpil e tout lame a te kontan, lè nou te wè “pa t gen yon nanm nan pami yo ki te peri; wi, ni tou pa t gen yon nanm nan pami yo ki pa t blese anpil.

26 Epi kounyeya, tout lame a te etone pou jan yo te prezève, wi, yo te epaye, malgre mil nan frè nou yo te mouri. Nou kalifye bagay sa a avèk lajistis pou “pouvwa mirak Bondye, poutèt anpil ^blafwa yo te aprann genyen nan kwayans yo—gen yon Bondye ki jis, nenpòt moun ki pa t doute, gran pouvwa li a, ap prezève yo.

27 Kounyeya, se lafwa moun m te pale nou yo; yo jèn, panse yo fèm epi yo fè Bondye konfyans tout tan.

28 Epi kounyeya, se te konsa, lè nou te fin pran swen moun blese yo, antere mò nou yo ak

mò Lamanit yo, ki te anpil, gade nou te mande Jid sou zafè prizonye yo te kòmanse mennen nan peyi Zarayemla a.

29 Jid te kaptèn an chèf gwoup ki te plase pou kondi yo desann nan peyi a.

30 Epi kounyeya, se te konsa, men pawòl Jid te di m: Gade, nou te kòmanse al nan peyi Zarayemla a avèk prizonye nou yo nou te rankontre espyon lame nou yo, nou te voye pou espyone kan Lamanit yo.

31 Epi, yo te di nou—gade lame Lamanit yo ap mache sou vil Kimeni an; yo pral tonbe sou yo, e yo pral detwi pèp nou an.

32 Epi, se te konsa, prizonye nou yo te tande pawòl la, yo te pran kouraj, e yo te tonbe nan fè rebelyon kont nou.

33 Epi, se te konsa, poutèt rebelyon yo, nou te desann epe nou sou yo. Kòm yon sèl kò, yo te kouri sou epe nou yo, e pi fò ladan yo te mouri, e rès la te sove ale.

34 Epi gade, lè yo te kouri, nou pa t kapab pran yo, nou te mache vit al nan vil Kimeni an, e nou te rive nan bon lè pou nou te kapab ede frè nou yo pwoteje vil la.

35 Epi gade, nou te delivre tèt nou ankò anba men ènmi nou yo. Epi nou beni non Bondye, paske se li ki te delivre nou; wi, se li ki te fè gwo bagay sa a pou nou.

36 Epi kounyeya, se te konsa, lè mwen menm Elaman, m te fin tande bagay sa yo nan bouch Jid, m te ranpli avèk anpil lajwa

poutèt bonte Bondye ki te prezève nou pou nou pa t peri; wi, epi m konnen nanm moun ki te mouri yo “antre nan repo Bondye yo a.

CHAPIT 58

Elaman, Jid ak Teyomnè pran vil Manti a avèk yon trik—Lamanit yo rale kò yo—Pitit gason moun pèp Amon yo prezève, lè yo kenbe fèm nan defann libète yo ak lafwa yo. Anviwon 63-62 ANVAN JEZIKRI.

Epi gade, kounyeya se te konsa, dezyèm plan nou, se te pou nou pran vil Manti la; men gade, pa t gen okenn fason pou nou ta mete yo deyò nan vil la avèk ti gwoup nou an. Paskè gade, yo te sonje sa nou te fè deja; se poutèt sa, nou pa t kapab “twonpe yo pou fè yo sòti nan zòn pwoteje yo.

2 Epi, yo te tèlman pi plis pase lame nou an, nou pa t pran chans atake yo nan zòn pwoteje yo a.

3 Wi, epi li te nesèsè pou nou itilize moun nou yo pou nou kenbe pa ti sa yo nou te rebran yo; se poutèt sa, li te nesèsè pou nou ret tann fòs ak yon nouvo kantite pwovizyon nan men peyi Zarayemla a.

4 Epi, se te konsa, m te voye yon anbasadè kote gouvènè peyi nou an pou fè l konnen zafè pèp nou an. Epi, se te konsa, nou te ret tann pou nou resevwa pwovizyon ak fòs nan men peyi Zarayemla a.

5 Men gade, sa pa t ase pou

nou; paske Lamanit yo te resevwa anpil fòs chak jou, ak anpil pwovizyon; se nan sitiyaasyon sa a nou te ye nan epòk sa a.

6 Epi, Lamanit yo te mache sou nou tanzantan, yo te deside fè plan pou detwi nou; men, nou pa t kapab al goumen avèk yo, poutèt kachèt zòn ak pwoteksyon yo.

7 Epi, se te konsa, nou te ret tann nan sitiyaasyon difisil sa a pandan anpil mwa, menm jistan nou te prèske peri anba grangou.

8 Men, se te konsa, nou te vin resevwa manje, ki te vin jwenn nou avèk yon lame de mil moun pou ede nou; epi, se tout asistans nou te resevwa pou defann tèt nou ak peyi nou, pou nou pa t tonbe nan men ènmi nou yo, wi, pou nou goumen avèk yon ènmi nou pa t kapab konte.

9 Epi kounyeya, kòz anbarasman nou an, oubyen kòz ki fè yo pa t voye plis sekou ban nou an, nou pa t konnen l; men, nou te soufri, epi tou, nou te chaje ak lakrent, pou se pa t jijman Bondye ki te tonbe sou tè nou pou anvayi nou jouk nan yon destriksyon total.

10 Se poutèt sa, nou te vide nanm nou nan lapriyè bay Bondye, pou l kapab ban nou fòs e pou l kapab delivre nou anba men ènmi nou yo, wi, e pou l ban nou fòs pou nou kapab kenbe vil nou yo, ak tè nou yo, ak sa nou te genyen pou ede pèp nou an.

11 Wi, se te konsa, Senyè Bondye nou an te vizite nou avèk

asirans li gen pou l delivre nou; wi, konsa, li te kalme nanm nou, e li te ban nou anpil lafwa, epi li te fè nou espere delivrans nan li.

12 Epi, nou te pran kouraj avèk ti fòs nou te resevwa yo, nou te gen detèminasyon pou nou soumèt ènmi nou yo, pou nou "kenbe tè nou yo, ak sa nou te posede, ak madanm nou, pitit nou ak kòz ^blibète nou an.

13 Epi konsa, nou t ale avèk tout fòs nou kont Lamanit yo ki te nan vil Manti a, e nou te plante tant nou bò dezè ki te pre vil la.

14 Epi, se te konsa, nan demen, lè Lamanit yo te wè nou te bò kote dezè ki te pre vil la, yo te voye espyon pou yo te kapab dekouvri kantite moun nou te genyen, ak fòs lame nou an.

15 Epi, se te konsa, lè yo te wè nou pa t fò daprè kantite nou, e yo te pè pou nou pa ta koupe sipò yo, eksepte si yo ta vin batay avèk nou pou yo touye nou, epi yo te konprann li t ap fasil pou yo detwi nou avèk gwo lame yo a, se poutèt sa, yo te kòmanse fè preparasyon pou yo vin batay avèk nou.

16 Epi, lè nou te wè y ap fè preparasyon pou yo vin batay avèk nou, m te fè Jid ak yon ti gwoup nan moun mwen yo kache nan dezè a, e m te fè Teyomnè ak yon ti gwoup moun kache nan dezè a tou.

17 Kounyeya, Jid ak moun li yo te bò kote dwat, e lòt yo te bò kote goch; epi lè yo te fin kache konsa gade m te rete avèk rès

lame m nan menm kote nou te plante tant nou yo premye fwa a, pou lè Lamanit yo ta sòti vin goumen an.

18 Epi, se te konsa, Lamanit yo te sòti avèk gwo lame yo kont nou. Epi lè yo te rive e prèt pou tonbe sou nou avèk epe, m te fè moun ki te avèk mwen yo kouri nan dezè a.

19 Epi, se te konsa, Lamanit yo te kouri dèyè nou ak tout vitès, paske yo te tèlman anvi pran nou pou yo kapab touye nou; se poutèt sa, yo te suiv nou nan dezè a; nou te pase nan mitan Jid ak Teyomnè yon fason pou Lamanit yo pa t dekouvri yo.

20 Epi, se te konsa, lè Lamanit yo te fin pase, oubyen lè lame a te fin pase, Jid ak Teyomnè te sòti nan kachèt yo, e yo te bare espyon Lamanit yo pou yo kapab pa t tounen nan vil la.

21 Epi, se te konsa, lè yo te fin bare yo, yo te kouri nan vil la, yo te tonbe sou gad ki te rete pou pwoteje vil la, yo te detwi yo, epi yo te pran vil la.

22 Kounyeya, sa te rive paske Lamanit yo te kite tout lame yo a, eksepte kèk gad, al pèdi nan dezè a.

23 Epi, se te konsa, Jid ak Teyomnè te pran zòn pwoteje yo. Epi, se te konsa, lè nou te fin vwayaje anpil nan dezè a, nou te fè direksyon peyi Zarayemla a.

24 Epi, lè Lamanit yo te wè y ap mache nan wout peyi Zarayemla a, yo te pè anpil pou pa t gen yon plan ki te fèt pou mennen yo nan destriksyon; se poutèt sa, yo te kòmanse retounen al

nan dezè a ankò, wi, nan menm wout yo te vini an.

25 Epi gade, li te nan nuit, yo te plante tant yo paske kaptèn an chèf Lamanit yo te konprann Nefit yo te fatige poutèt yo te mache; epi yo te konprann yo te pouse tout lame Nefit yo, se poutèt sa, yo pa t panse sou vil Manti a ankò.

26 Kounyeya, se te konsa, nan aswè, m pa t kite moun mwen yo dòmi; men, m te fè yo fè yon lòt wout pou y ale nan peyi Manti a.

27 Epi, poutèt nou te mache nan nuit la, nan demen, nou te tèlman devan Lamanit yo, nou te rive anvan yo nan peyi Manti a.

28 Epi, se te konsa, avèk plan sa a, nou te pran vil Manti a, san nou pa t fè san koule.

29 Epi, se te konsa, lè lame Lamanit yo te rive pre vil la, e yo te wè nou te prepare pou rankontre yo, yo te etone anpil epi gwo lakrent anvayi yo tèlman, yo te kouri nan dezè a.

30 Wi, se te konsa, lame Lamanit yo te kouri kite zòn sa a. Men, yo te pran anpil fi ak timoun avèk yo.

31 Epi, “vil sa yo Lamanit yo te pran yo, yo tout nan men nou kounyeya; e papa nou, madanm ak pitit nou yo te retounen lakay yo; yo tout, eksepte moun Lamanit yo te pran pou yo fè prizonye yo.

32 Men gade, lame nou yo piti pou yo kenbe pakèt vil sa yo ak tout byen sa yo.

33 Men gade, nou fè Bondye nou an konfyans, li menm ki te ban nou viktwa sou tè sa yo, pou nou te kapab jwenn vil sa yo ak tè sa yo ki te pou nou an.

34 Kounyeya, nou pa t konnen poukisa gouvènman an pa t ban nou plis sipò; ni moun ki te vin jwenn nou yo tou, yo pa t konnen poukisa nou pa t resevwa plis sipò.

35 Gade, nou pa t konnen si w pa t echwe, e si sa pa t oblije w wete sipò w nan zòn sa a; si se sa, nou pa vle plenyen.

36 Si se pa sa, gade, nou pè pou se pa kèk “divizyon ki genyen nan gouvènman an, ki fè yo pa voye plis moun pou ban nou asistans; paske, nou konnen yo gen plis pou yo ta voye.

37 Men gade, sa pa gen enpòtans—nou gen konfyans Bondye ap “delivre nou, malgre feblès lame nou yo, wi, e l ap delivre nou anba men ènmi nou yo.

38 Gade, se finisman ventnevè ane a, e nou te pran posesyon tè nou yo e Lamanit yo te kouri al nan peyi Nefi a.

39 Epi, pitit gason pèp Amon yo m te pale byen konsènan yo a, yo avèk mwen nan vil Manti a; Senyè a te sipòte yo, wi e li tèlman pa t kite yo tonbe anba epe, “okenn nanm pa t mouri.

40 Men gade, yo te blese anpil; malgre sa, yo kanpe fèm nan “libète Bondye te ba yo a; epi yo sonje Senyè Bondye yo a chak jou avèk presizyon; wi, yo eseye kenbe regleman li yo, ak jijman li yo ak kòmandman li yo tout tan,

31a Alma 56:14.
36a Alma 61:1–5.

37a 2 Wa 17:38–39.
39a Alma 56:56.

40a GE Libète.

e lafwa yo rete solid nan pwofesi ki gen pou akonpli yo.

41 Epi kounyeya, Mowoni, frè byenneme m nan, se pou Senyè Bondye nou an, ki te rachte nou an, e ki te ban nou libète a kenbe w tout tan nan prezans li; wi, se pou l favorize pèp sa a, pou w kapab gen siksè nan pran posesyon sou tout bagay Lamanit yo te pran nan men nou yo, ki te la pou bezwen nou. Epi kounyeya, m fini lèt mwen an. M se Elaman, pitit gason Alma a.

CHAPIT 59

Mowoni mande Paoran pou l ranfòse twoup Elaman yo—Lamanit yo pran vil Nefiya a—Mowoni fache kont gouvènman an. Anviwon 62 ANVAN JEZIKRI.

KOUNYEYA, se te konsa, nan trantèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a, lè Mowoni fin resevwa, e li “lèt Elaman an, li te kontan anpil pou byennèt Elaman, wi, gwo siksè Elaman te genyen, lè l te pran tè sa yo ki te pèdi a.

2 Wi, epi li te fè tout pèp li a konnen, nan tout peyi alantou kote yo te ye pou yo kapab kontan tou.

3 Epi, se te konsa, li te voye “yon lèt bay ^bPaoran menm lè a, li te mande l pou l reyini moun pou ranfòse Elaman, oubyen, lame Elaman yo, pou yo kapab kenbe alèz, pa ti tè sa yo te rebran avèk tout siksè mirak sa a.

4 Epi, se te konsa, lè Mowoni te voye lèt sa a nan peyi Zarayemla a, li te kòmanse fè plan

pou l kapab jwenn rès byen ak vil Lamanit yo te pran nan men yo a.

5 Epi, se te konsa, pandan Mowoni t ap fè preparasyon pou l al goumen avèk Lamanit yo, Lamanit yo te atake moun nan Nefiya yo ki te rasanble ansanm, sòti kite vil Mowoni an, ak vil Leyi a, ak vil Moryanton an kote Lamanit yo te atake.

6 Wi, menm moun ki te oblije kouri kite peyi Manti a ak peyi alantou yo, yo te vin jwenn ak Lamanit yo nan zòn sa a.

7 Epi Konsa, yo te anpil e yo te resevwa anpil ranfò chak jou, sou kòmandman Ammonon, yo te mache kont pèp Nefiya a, e yo te kòmanse masakre yo anpil.

8 Epi, lame yo te tèlman anpil, rès pèp Nefiya a te oblije kouri devan yo; yo te menm vin jwenn lame Mowoni an.

9 Epi kounyeya, kòm Mowoni te sipoze yo te dwe voye moun nan vil Nefiya a pou ede pèp la kenbe vil la, e li te konnen li te pi fasil pou anpeche vil la tonbe nan men Lamanit yo pase pou yo rebran l nan men yo, li te sipoze yo t ap kenbe vil sa a fasil.

10 Se poutèt sa, li te kenbe tout fòs li yo pou l kapab gade kote l te rebran yo.

11 Epi kounyeya, lè Mowoni te wè vil Nefiya a pèdi, li te tris anpil, e li te kòmanse gen dout, poutèt mechanste pèp la, pou yo pa t tonbe anba men frè yo.

12 Kounyeya, se sa ki te pase tout kaptèn an chèf yo. Yo te

gen dout e yo te etone pou mechanste pèp la, e poutèt siksè Lamanit yo te gen sou yo.

13 Epi, se te konsa, Mowoni te fache kont gouvènman an poutèt “endiferans yo konsènan libète peyi yo a.

CHAPIT 60

Mowoni pote plent bay Paoran poutèt gouvènman an neglije lame yo—Senyè a kite moun touye moun ki jis yo—Nefit yo dwe itilize tout pouvwa yo ak kapasite yo pou delivre tèt yo anba men ènmi yo—Mowoni menase pou l goumen kont gouvènman an, si lame li yo pa jwenn sipò. Anviwon 62 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, li te ekri Paoran, ki te gouvènè peyi a, yon lèt ankò, e men pawòl li te ekri: Gade, m voye lèt mwen an bay Paoran nan vil Zarayemla a, ki se jij “anchèf ak gouvènè nan peyi a, epi ak tout moun pèp sa a te chwazi pou gouvènè, ak regle zafè lagè sa a.

2 Paske gade, m gen kèk bagay pou m di yo pou m kondane yo; paske gade, ou konnen nou te lonmen w pou w rasanble moun, pou w ba yo epe, ak kouto, ak tout kalite zam pou lagè, e pou w voye yo kont Lamanit yo, nenpòt kote yo ta antre sou tè nou an.

3 Epi kounyeya gade, m di w konsa, mwen menm ak sòlda m yo, ak Elaman ak sòlda li yo, nou te soufri anpil anpil soufrans; wi, menm grangou, swaf, fatig ak tout kalite afliksyon.

4 Men gade, si se sa sèlman nou te soufri, nou pa t ap plen-yen ni babye.

5 Men gade, te gen anpil masak nan pami pèp nou an; wi, anpil milye moun te tonbe anba epe, alòske se t ap lekontre si w te bay lame nou yo ase fòs ak sekou. Wi, ou te neglije nou anpil.

6 Epi kounyeya gade, nou vle konnen rezon gwo neglijan sa a; wi, nou vle konnen rezon ki fè w pa gen konsiderasyon an.

7 Èske w panse w kapab chita sou twòn ou, nan eta san konsiderasyon sa a, pandan ènmi w yo ap simen lanmò alantou w? Wi, pandan y ap touye anpil milye nan frè w yo—

8 Wi, menm moun ki te espere pwoteksyon nan men w yo, wi, ki mete w nan yon pozisyon pou w pote yo sekou a, wi, pou w te voye lame pou fòtifye yo a, epi pou w ta sove anpil milye ladan yo pou yo pa t tonbe anba epe a.

9 Men gade, sa se pa tout—ou tèlman pa t voye pwovizyon ba yo, anpil ladan yo te goumen e kò yo te blese pou anpil volontè yo te genyen pou byennèt pèp sa a; wi, e yo te fè sa pandan yo t ap prèske “peri anba grangou, poutèt jan w te neglije yo anpil la.

10 Epi kounyeya, frè byenneme m yo paske, nou se byenneme; wi, nou te dwe brannen kò nou avèk plis dilijans pou byennèt ak libète pèp sa a; men gade, nou te tèlman neglije yo, san anpil milye ap tonbe sou tèt nou pou

kriye vanjans; wi, paske Bondye konnen tout kriye ak tout soufrans yo—

11 Gade, èske nou panse nou ta kapab chita sou twòn nou yo, e poutèt tout bonte Bondye genyen l ap delivre nou san n pa fè anyen? Si se sa nou panse, nou panse mal.

12 Èske nou “sipoze paske anpil nan frè nou yo mouri, se poutèt mechanste pa yo? M ap di nou, si nou panse sa, nou panse mal; paske m di nou, gen anpil moun ki te tonbe anba epe, e se nou menm k ap pote kondanasyon an;

13 Paske, Senyè a kite “moun ki jis yo mouri pou lajistis ak jijman l kapab tonbe sou mechan yo; se poutèt sa, nou pa dwe panse moun ki jis yo pèdi paske yo mouri; men, yo antre nan repo Senyè Bondye yo a.

14 Epi kounyeya gade, m di nou, m pè anpil pou jijman Bondye pa desann sou pèp sa a poutèt tout parès yo, wi, parès gouvènman nou an menm, e gwo neglijan yo kont frè yo, wi, kont moun ki te mouri yo.

15 Paske si se pa t poutèt “mechanste ki te kòmanse premyèman nan dirijan nou yo, nou ta kapab kanpe devan ènmi yo pou yo pa t gen okenn pouvwa sou nou.

16 Wi, si se pa t pou ^alagè ki te kòmanse nan pami nou; wi, si se pa t pou ^bmoun wa yo, ki te lakòz tout san sa yo koule nan pami nou; wi, pandan nou t ap goumen nan pami nou; si nou te

rasanble fòs nou menm jan nou te fè anvan an; wi, si se pa t pouvwa ak otorite moun wa sa yo te vle gen sou nou; si yo te bay kòz libète nou an enpòtans, epi si yo te reyini avèk nou, pou n ale kont ènmi nou yo, tan pou yo ta pran epe kont nou, ki te lakòz pakèt san koule nan pami nou; wi, si nou t ale kont yo avèk fòs Senyè a, nou t ap dispèse ènmi nou yo, paske, sa t ap fèt pou akonplisman pawòl li.

17 Men gade, kounyeya Lamanit y ap rive sou nou, pran tè nou, e y ap touye pèp nou an avèk epe, wi, madanm nou, ak pitit nou yo, e y ap mennen yo nan kaptivite, pou yo fè yo souffri tout kalite aflikasyon, poutèt gwo mechanste moun k ap chèche pouvwa ak otorite yo, wi, moun wa sa yo menm.

18 Men, poukisa pou m ta pale plis sou bagay sa a? Paske, nou pa konnen si nou menm nou p ap chèche otorite. Nou pa konnen si nou menm nou pa trèt kont peyi w la.

19 Oubyen, èske w neglije nou paske nou nan kè peyi nou an e nou antoure avèk sekirite, nou pa vle manje vin jwenn nou avèk moun pou ranfòse lame nou an?

20 Èske nou bliye kòmandman Senyè Bondye nou an? Wi, èske nou bliye zansèt nou yo ki te prizonye? Èske nou bliye tout tan nou te delivre anba men ènmi nou yo?

21 Oubyen, èske nou panse Senyè a ap delivre nou pandan nou chita sou twòn nou, epi nou

12a Lik 13:1–5.
13a Alma 14:10–11;

D&A 42:46–47.
15a Alma 51:9, 13.

16a Alma 51:16–19.
b Alma 51:5, 8.

pa itilize mwayen Senyè a ban nou yo?

22 Wi, èske n ap chita nan parès pandan nou antoure avèk anpil milye, wi, anpil milye ki chita nan parès, pandan gen anpil milye sou tout fwontyè peyi nou an k ap tonbe anba epe, wi, yo blese e san y ap koule?

23 Èske nou panse Bondye wè nou san peche pandan nou chita e n ap asiste bagay sa yo? M di nou, non. M vle pou nou ta sonje Bondye te di konsa, “vèsèl ki andedan yo pral lave anvan, e apre sa, vèsèl ki deyò yo pral lave tou.

24 Epi kounyeya, si nou pa repanti pou sa nou te fè yo, e si nou pa kòmanse fè mouvman, pou nou voye manje ak moun ban nou, ak pou Elaman, pou l sipòte pati sa yo nan peyi nou an li te rebran yo, e pou nou kapab fin pran rès tè nou yo nan zòn sa a, l ap nesesè pou nou pa goumen avèk Lamanit yo ankò jistan nou fin lave veso ki andedan yo, wi, gwo tèt gouvènman nou an.

25 Si nou pa reponn lèt mwen an, e si nou pa sòti pou nou montre m vrè “lespri libète a, si nou pa fè sakrifis pou nou ranfòse, e pou nou fòtifye lame nou yo, si nou pa ba yo manje pou sipòte yo, m ap kite yon pa ti nan moun mwen yo pou kenbe pati tè sa a, m ap kite fòs ak benediksyon Bondye sou yo, pou okenn lòt pouvwa pa kapab dirije yo—

26 Epi, poutèt pakèt lafwa yo, ak pasyans yo nan tribilasyon yo—

27 Epi, m ap mache sou nou; e si gen nenpòt moun nan pami nou ki vle libète, wi, menm si gen yon etensèl libète ki rete, m ap leve opozisyon nan pami nou, jistan moun ki vle pran otorite ak pouvwa yo disparèt.

28 Wi, m pa pè pouvwa nou ni otorite nou; men, se pou “Bondye m nan m gen lakrent; e se dapre kòmandman l yo m pran epe m pou m defann kòz peyi m nan, e se poutèt inikite nou yo nou te soufri tout pèt sa yo.

29 Gade, li lè, wi, lè a rive kounyeya, si nou pa brannen kò nou pou nou defann peyi nou an ak timoun piti nou yo, “epe lajistis la pandye sou tè nou; wi l ap tonbe sou nou e l ap vizite nou jistan ou fin detwi nèt.

30 Gade, m ap tann asistans nan men nou, e si nou pa pote nou sekou, m ap mache sou nou nan peyi Zarayemla a menm, e m ap frape nou avèk kout epe, epi nou p ap gen pouvwa pou nou rete pwogrè pèp sa a nan kòz libète nou an.

31 Paske gade, Senyè a p ap kite nou viv, e pou nou pouri nan inikite nou yo pou nou detwi moun ki jis li yo.

32 Gade, èske nou kapab panse Senyè a ap pwoteje nou e l ap vin jije Lamanit yo, alòske se tradisyon zansèt yo ki fè yo rayi nou, wi, e moun ki te revòlte sòti nan pami nou yo t al double rayiman sa a, wi, pandan tan sa a, inikite nou yo se poutèt nou renmen louwanj ak bagay materyèl mond lan?

23a Mat. 23:25–26.
25a Alma 51:6; 61:15.

28a Tra. 5:26–29.
29a Ela. 13:5; 3 Ne. 2:19.

33 Nou konnen n ap transgrese lalwa Bondye yo, e nou konnen n ap pilonnen yo anba pye nou. Senyè a di m konsa: Si moun nou lonmen gouvènè yo pa repanti nan peche yo ak inikite yo, al goumen avèk yo.

34 Epi kounyeya gade, mwen menm Mowoni, m sou obligasyon, daprè alyans m te fè pou m respekte kòmandman Bondye m nan; se poutèt sa, m vle nou obeyi kòmandman Bondye a, epi voye nan pwovizyon nou yo ak nan moun nou yo vit ban mwen, e voye bay Elaman tou.

35 Si nou pa fè sa, m ap mache sou nou vit; paske Bondye p ap kite nou peri nan grangou; se poutèt sa, l ap ban nou manje nou yo, menm si se avèk epe. Kounyeya, degaje nou pou nou akonpli pawòl Bondye a.

36 Gade, m se Mowoni, kaptèn anchèf nou an. M “p ap chèche pran pouvwa, men, mete l ba. M p ap chèche onè nan men mond lan, men se pou laglwa Bondye m nan, se pou libète ak byennèt peyi m nan. Epi, konsa m fini lèt mwen an.

CHAPIT 61

Paoran pale Mowoni sou revòl ak rebelyon ki genyen kont gouvènman an—Moun wa yo pran Zaryemla e yo fè yon sèl ak Lamanit yo—Paoran mande sekou militè pou l goumen avèk rebèl yo. Anviwon 62 ANVAN JEZIKRI.

REYÈLMAN, se te konsa, yon ti kras tan apre Mowoni te fin

voye lèt li a bay gouvènè anchèf la, li te resevwa yon lèt nan men “Paoran, gouvènè an chèf. Epi men pawòl li te resevwa:

2 Mwenmenm Paoran, ki se gouvènè an chèf nan peyi sa a, m voye pawòl sa yo bay Mowoni, kaptèn anchèf alatèt lame yo. M di w, Mowoni, m pa pran plèzi nan gwo “afliksyon w yo, wi, sa blese nanm mwen.

3 Men gade, gen moun ki pran plèzi nan afliksyon ou yo, wi, konsa, yo te leve nan rebelyon kont mwen ak moun nan pèp mwen yo ki “moun ki pou libète yo, wi, e moun ki te revòlte anpil yo.

4 Epi, se moun ki te chèche pran fotèy jijman an nan men m yo ki te lakòz gwo inikite sa a; paske, yo te itilize anpil pawòl flatrè, e yo te detounen kè anpil moun ki pral lakòz gwo afliksyon nan pami nou; yo te wete pwovizyon nou yo nan men nou, yo te entimide moun ki pou libète yo, e yo te anpeche yo vin jwenn ou.

5 Epi gade, yo te chase m e m te sove al nan peyi Jedeon, avèk kantite moun li te posib pou m te jwenn.

6 Epi gade, m te voye yon pwoklamasyon nan zòn sa a; yo vide sou nou chak jou avèk zam, pou yo defann peyi yo a ak “libète yo a, e pou yo vanje bagay ki rive nou yo.

7 Epi, yo te tèlman vin jwenn nou, moun ki te leve nan rebelyon kont nou yo te tonbe an defayans, wi, konsa, yo te pè nou,

36a D&A 121:39–42.
61 1a Alma 50:39–40.

2a Alma 60:3–9.
3a Alma 51:6–7.

6a GE Lib, libète;
Libète.

epi yo pa t pran chans mache kont nou pou batay la.

8 Yo te pran posesyon peyi a, oubyen vil Zarayemla a; yo te lonmen yon wa alatèt yo, e li te ekri wa Lamanit yo pou l te kapab siyen trete avèk li; nan trete sa a, li te fè kondisyon pou l kenbe vil Zarayemla a, paske li sipoze sa ta kapab pèmèt Lamanit yo konkeri rès peyi a, epi li pral tabli tèt li wa alatèt pèp sa a, lè Lamanit yo pran yo.

9 Epi kounyeya, nan lèt ou a, ou te kondane m, men, sa pa fè anyen; m pa fache, men m rejwi poutèt grandè kè w. Mwen menm Paoran, m p ap chèche pouvwa, sèlman m vle kenbe fotèy-jijman mwen an, pou m kapab prezève dwa ak libète pèp mwen an. Nanm mwen rete fèm nan libète Bondye te libere nou an.

10 Epi kounyeya, gade, n ap reziste kont mechanste menm jistan san koule. Nou pa t ap fè san Lamanit yo koule si yo ta vle rete nan peyi pa yo.

11 Nou pa t ap fè san frè nou yo koule, si yo pa t leve nan rebelyon e pran epe kont nou.

12 Nou t ap soumèt tèt nou anba chay esklavaj, si se te egzijans lajistis Bondye, oubyen si li ta kòmande nou pou nou fè sa.

13 Men gade, li pa kòmande nou pou nou soumèt tèt nou anba ènmi nou yo, okontrè, nou dwe mete konfyans nou nan li, e l ap delivre nou.

14 Se poutèt sa, frè byenneme m nan, Mowoni, annou reziste kont mal, e nenpòt mal nou pa kapab reziste avèk pawòl nou yo, wi, tèlke rebelyon ak divizyon, annou reziste kont yo avèk epe nou yo, pou nou kapab kenbe libète nou, pou nou kapab rejwi nan gran privilèj legliz nou an, e nan kòz Redanmtè nou an ak Bondye nou an.

15 Se poutèt sa, vin jwenn mwen rapidman avèk kèk nan sòlda ou yo, epi kite rès yo sou kont Leyi ak Teyankòm; ba yo pouvwa pou yo dirije lagè a nan pati sa a ki nan peyi a, dapre Lespri Bondye, ki se lespri libète a ki nan yo tou.

16 Gade, m te voye kèk pwovizyon ba yo, pou yo kapab pa peri jistan ou vin jwenn mwen.

17 Rasanble ansanm tout fòs ou kapab, pandan w ap mache vin isit la e nou prale rapidman kont rebèl yo, ak fòs Bondye nou an, dapre lafwa ki nan nou an.

18 Epi nou pral pran posesyon vil Zarayemla a, pou nou kapab jwenn plis manje pou nou voye bay Leyi ak Teyankòm; wi nou prale kont yo akfòs Senyè a, epi nou pral mete fen nan gwo inikite sa a.

19 Epi kounyeya, Mowoni, m rejwi poutèt m te resevwa lèt w a, paske m te yon jan enkyete konsènan sa nou ta dwe fè; m pa t konnen si sa ta jis pou nou t ale kont frè nou yo.

20 Men w te di, si yo pa repanti

9a Jan 8:31–36;
D&A 88:86.

13a GE Konfyans, konfyè;

Lafwa.

14a Alma 43:47.

15a 2 Kor. 3:17.

GE Sentespri.

Senyè a te kòmande w pou w ale kont yo.

21 Asire w ou “ranfòse Leyi ak Teyankòm nan Senyè a; di yo pou yo pa pè, paske Bondye pral delivre yo ak tout moun ki kenbe fèm nan libète Bondye te ba yo a. Epi kounyeya m fini lèt mwen an pou frè byenneme m nan, Mowoni.

CHAPIT 62

Mowoni mache pou l al ede Paoran nan peyi Jedeon an—Yo touye moun wa yo ki te refize defann peyi a—Paoran ak Mowoni rebran Nefiya—Anpil Lamanit mete ansanm avèk pèp Amon an—Teyankòm touye Ammowon e yo touye l tou—Yo chase Lamanit yo nan peyi a, e lapè tabli—Elaman retounen al preche e li fòtifye Legliz la. Anviwon 63–57 ANVAN JEZIKRI.

Epi kounyeya, se te konsa, lè Mowoni te fin resevwa lèt sa a, kè l te pran kouraj, e li te ranpli avèk anpil lajwa poutèt fidelite Paoran; paske, li pa t yon “trèt tou pou libète ak kòz peyi li a.

2 Men li te lamante tou poutèt inikite moun ki te wete Paoran sou fotèy-jijman an, wi, alafen poutèt moun ki te fè rebelyon kont peyi yo a, ak Bondye yo a.

3 Epi, se te konsa, Mowoni te pran yon ti kantite moun, daprè volonte Paoran, epi li te bay Leyi ak Teyankòm kòmandman sou tèt rès lame li a, e li te mache nan direksyon peyi Jedeon an.

4 Li te leve “drapo libète a tout kote li te antre, e li te pran tout fòs li te kapab pandan l t ap mache nan direksyon peyi Jedeon.

5 Epi, se te konsa, anpil milye moun te rasanble anba drapo li a, e yo te pran epe pou defann libète yo, pou yo kapab pa tonbe nan esklavaj.

6 Epi, konsa, lè Mowoni te rasanble ansanm tout sòlda li te kapab, pandan tout mach li a, li te rive nan peyi Jedeon an; e li te reyini fòs li yo avèk fòs Paoran, yo te vin fò anpil, menm pi fò pase sòlda Pakis yo, ki te “wa rebèl yo, ki te chase moun ki pou libète yo sòti nan peyi Zarayemla a, e ki te pran posesyon peyi a.

7 Epi, se te konsa, Mowoni ak Paoran te desann avèk lame yo nan peyi Zarayemla a, yo t ale kont vil la e yo te kontre avèk moun Pakis yo pou y al batay.

8 Epi gade, Pakis te mouri, moun li yo te tounen prizonye, e Paoran te vin retabli nan fotèy jijman an.

9 Epi moun Pakis yo te pase anba jijman, daprè lalwa a; e se te menm jan an tou pou moun wa yo te jete nan prizon an; epi yo te “egzekite yo daprè lalwa a; wi, moun Pakis yo ak moun wa yo, ak tout moun ki pa t vle pran lèzam pou defann peyi yo, ki te goumen kont peyi a, yo te pase anba lanmò.

10 Epi konsa, li te vin nesèsè pou yo mete lalwa an pratik sa

21a Zak. 10:12.

62 1a Alma 60:18.

4a Alma 46:12–13, 36.

GE Banyè.

b GE Libète.

6a Alma 61:4–8.

b Alma 51:5–7.

9a GE Pinisyon kapital.

a avèk presizyon pou pwoteje peyi yo a; wi, e yo te touye tout moun ki nye libète yo a vit daprè lalwa a.

11 Se konsa trantye ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini; Mowoni ak Paoran te retabli lapè nan peyi Zarayemla a, nan pami pèp pa yo a, yo te touye tout moun ki pa t onèt nan kòz libète a.

12 Epi, se te konsa, nan kòmansman tranteyinyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a, Mowoni te fè voye pwovizyon byen vit ak yon lame ki te gen si mil moun bay Elaman, pou ede l prezève pati tè sa a.

13 Epi, se te konsa, tou, li te fè voye si mil moun ak ase pwovizyon bay lame Leyi yo ak lame Teyankòm yo. Epi, sa te fèt pou yo te kapab fòtifye peyi a kont Lamanit yo.

14 Epi, se te konsa, Mowoni ak Paoran te kite anpil moun nan peyi Zarayemla a, yo te mache avèk anpil moun sou Nefiya, yo te deside pou yo chavire Lamanit yo nan vil sa a.

15 Epi, se te konsa, pandan yo t ap mache al nan peyi a, yo te pran anpil nan sòlda Lamanit yo, yo te touye anpil e yo te pran pwovizyon yo ak zam pou lagè yo.

16 Epi, se te konsa, lè yo te fin pran yo, yo te fè yo fè alyans pou yo pa janm pran lèzam pou lagè kont Nefit yo ankò.

17 Epi, lè yo te fin fè alyans sa a, yo te voye y al rete avèk pèp Amon an; te gen kat mil ladan yo ki pa t mouri.

18 Epi, se te konsa, lè yo te fin

voye y ale, yo te kontinye mache sou peyi Nefiya a. Epi, se te konsa, lè yo te rive nan peyi Nefiya a, yo te plante tant yo nan plèn Nefiya a, ki te tou pre vil Nefiya a.

19 Kounyeya, Mowoni te vle Lamanit yo sòti vin goumen avèk li nan plèn nan; men, Lamanit yo te konnen gwo kouraj Nefit yo, epi yo te wè jan yo te anpil, se poutèt sa, yo pa t pran chans sòti kont yo; yo pa t vin goumen jou sa a.

20 Epi, lè l te aswè, Mowoni te mache nan fènwa nan nuit la, epi li t ale sou tèt barikad la pou l espyone ki kote nan vil la Lamanit yo te kanpe avèk lame yo.

21 Epi, se te konsa, yo te nan kote lès, bò baryè a; e yo t ap dòmi. Epi Mowoni te tounen kote lame li a, li te fè yo pare gwo kòd ak nechèl pou yo desann sòti sou tèt barikad yo al andedan kloti yo.

22 Epi, se te konsa, Mowoni te fè moun li yo mache al sou tèt kloti yo e yo te desann nan vil la, wi, nan lwès, kote Lamanit yo pa t kanpe ak lame yo a.

23 Epi, se te konsa, yo tout te desann nan vil la nan nuit, sou kòd solid ak nechèl yo; konsa, lè l te jou, yo tout te andedan vil la.

24 Epi kounyeya, lè Lamanit yo te reveye e yo te wè lame Mowoni yo andedan vil la, yo te tèlman pè, yo te kouri sòti nan pòt la.

25 Epi kounyeya, lè Mowoni te wè yo t ap kouri devan l, li te fè moun li yo mache sou yo, touye yo, e ansèkle anpil lòt, e fè yo prizonye; epi rès la te kouri al

nan peyi Mowoni ki te bò rivaj lanmè a.

26 Konsa, Mowoni ak Paoran te pran posesyon vil Nefiya a san pèdi yon nanm, e anpil nan Lamanit yo te mouri.

27 Kounyeya, se te konsa, anpil nan prizonye Lamanit yo ki te jwenn avèk “pèp Amon an te vin tounen yon pèp lib.

28 Epi, se te konsa, tout moun ki te vle sa, yo te akòde yo sa yo te vle a.

29 Se poutèt sa, tout prizonye Lamanit yo te rejwi avèk pèp Amon an e yo te kòmanse travay anpil; yo te kiltive tè a, yo te plante tout kalite grenn ak tout kalite plant, konsa, yon gwo chay te sòti sou do Nefit yo, wi, yo te debarase avèk tout prizonye Lamanit yo.

30 Kounyeya, se te konsa, lè Mowoni te fin pran peyi Nefiya a, li te pran anpil prizonye, sa te redui lame Lamanit yo anpil, epi li te rebran anpil Nefit ki te prizonye, ki te fòtifye lame Mowoni an anpil; se poutèt sa, Mowoni te kite peyi Nefiya a epi li t al nan peyi Leyi a.

31 Epi, se te konsa, lè Lamanit yo te wè Mowoni ap vini sou yo, yo te pè ankò e yo te kouri devan lame Mowoni an.

32 Epi, se te konsa, Mowoni ak lame li a te mache dèyè yo vil apre vil, jistan yo te rankontre Leyi ak Teyankòm, e Lamanit yo te kouri devan Leyi ak Teyankòm jouk anba bò lanmè a, jistan yo t ale nan peyi Mowoni an.

33 Epi, lame Lamanit yo te ra-

sanble ansanm, yo te fè yon sèl gwoup nan peyi Mowoni an. Ammowon, Wa Lamanit yo te avèk yo tou.

34 Epi, se te konsa, Mowoni, Leyi, ak Teyankòm te kanpe avèk lame yo nan anviwon fwontyè peyi Mowoni an, jistan Lamanit yo te antoure avèk dezè a, nan sid, e nan lès bò dezè a.

35 Epi konsa, yo te kanpe pou nuit la. Paske gade, Nefit yo ak Lamanit yo te fatigue poutèt yo te mache anpil; se poutèt sa, yo pa t fè okenn plan pou nuit la, eksept Teyankòm; paske li te fache anpil kont Ammowon, ak Amalikya, frè Ammowon an ki te “lakòz gwo lagè long sa a nan pami yo ak Lamanit yo; bagay sa a te lakòz anpil lagè ak san koule, wi ak anpil famin.

36 Epi, se te konsa, nan kòlè li, Teyankòm t ale nan kan Lamanit yo e li te desann andedan vil la. Epi li te desann sou kòd chak kote, jistan li te jwenn wa a; li te “voye yon kouto ki te pèse l bò kè. Men, wa a te leve sèvitè l yo anvan l mouri, yo te suiv Teyankòm e yo te touye l.

37 Kounyeya, se te konsa, lè Leyi ak Mowoni te konnen Teyankòm te mouri, yo te gen anpil lapenn, paske se yon nonm ki te vanyan nan goumen pou peyi l; wi se te yon zanmi tout bon pou libète a; e li te soufri anba anpil afliksyon. Men gade, li te mouri, epi li t ale kote tout moun sou tè a gen pou y ale a.

38 Kounyeya, se te konsa, nan

demen, Mowoni te mache e l t ale sou Lamanit yo, li te touye yo anpil; Nefit yo te chase yo deyò nan peyi a, yo te kouri e yo pa t retounen kont Nefit yo nan tan sa a ankò.

39 Epi, se konsa tranteyinyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini; yo te gen lagè, san te koule ak famin ak tout kalite afliksyon pou anpil ane.

40 Epi, te gen asasina ak chirepit, disansyon ak tout kalite inikite nan pami pèp Nefi a; men, poutèt “moun ki jis yo, poutèt lapriyé moun ki jis yo, yo te pwoteje.

41 Men gade, poutèt tout lagè te dire nan pami Nefit yo ak Lamanit yo, kè anpil moun te vin di, poutèt tout lagè a te dire; anpil moun te touche poutèt “afliksyon yo epi yo te gen imilite devan Bondye jouk nan pwofondè imilite a.

42 Epi, se te konsa, lè Mowoni te fin fòtifye pa ti sa yo nan peyi a ki te ekspoze anba men Lamanit yo, jistan yo te vin fò ase, li te retounen nan vil Zarayemla a; epi tou, Elaman te tounen nan kote li te eritye a, epi yon fwa ankò, lapè te tabli nan pami pèp Nefi a.

43 Epi, Mowoni te remèt kòmandman lame li yo nan men pitit gason li a ki te rele Mowoniya; e li te pran pansyon lakay li pou l kapab pase rès jou li yo nan lapè.

44 Epi, Paoran te retounen sou fotèy jijman li a; Elaman te pran responsablite pou l preche pèp

la pawòl Bondye; paske poutèt tout lagè ak chirepit sa yo, li te nesèsè pou yon regleman te fèt ankò nan legliz la.

45 Se poutèt sa, Elaman ak frè l yo t ale e yo te deklare pawòl Bondye a avèk anpil pouvwa pou yo kapab “konvenk anpil mounsou nan mechanste yo, ki te lakòz yo repanti nan peche yo, epi yo te batize nan Senyè Bondye yo a.

46 Epi, se te konsa, yo te tabli legliz Bondye a ankò nan tout peyi a.

47 Wi, e regleman te fèt sou zafè lalwa a. Epi yo te chwazi “jij ak jij anchèf.

48 Epi, Pèp Nefi a te kòmanse “pwospere nan peyi a ankò, yo te kòmanse multipliyè, yo te devlope anpil e yo te kòmanse vin rich anpil.

49 Men, malgre richès yo, oubyen fòs yo, oubyen pwospèrite yo, yo pa t chaje kè yo avèk lògèy; ni tou yo pa t lan pou yo sonje Senyè Bondye yo a; men yo te gen anpil imilite devan l.

50 Wi, yo te sonje ki gwo bagay Senyè a te fè pou yo; li te delivre yo anba lanmò, esklavaj, prizon ak tout kalite afliksyon, e li te delivre yo anba men ènmi yo.

51 Epi, yo te priye Senyè Bondye yo a tout tan, Senyè a te beni yo daprè pawòl li. Yo te devlope e yo te pwospere nan peyi a.

52 Epi, se te konsa, tout bagay sa yo te fèt, epi Elaman te mouri nan trann-senkyèm

40a Alma 45:15–16.
41a GE Advèsite.

45a D&A 18:44.
47a Mozya 29:39.

48a Alma 50:20.

ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a.

CHAPIT 63

Chiblon e pita Elaman kenbe rejis sakre yo—Anpil Nefit vwayaje al nan nò—Agòt bati bato ki vwayaje sou lanmè lwès la—Mowoniya bat Lamanit yo nan batay. Anviwon 56-52 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, nan kòmansman trann-sizyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a, “Chiblon te pran posesyon bagay ^bsakre Alma te bay Elaman yo.

2 Epi, li te yon nonm ki jis e li te mache dwat devan Bondye; li te fè bagay ki bon e li te respekte kòmandman Senyè Bondye li a tout tan, e frè l la te fè sa tou.

3 Epi, se te konsa, Mowoni te mouri tou, e se konsa trann-sizyèm ane gouvènman jij yo te fini.

4 Epi, se te konsa, nan trann-setyèm ane gouvènman jij yo, te gen anpil moun, yon kantite senk mil kat san moun, ak madanm yo, ak pitit yo, ki te kite peyi Zarayemla a pou y al nan ^apeyi ki nan nò a.

5 Epi, se te konsa, Agòt ki te kriye te yon nonm anpil, se poutèt sa, li t ale e li te konstwi yon bato ki te gwo anpil sou fwontye peyi Abondans la, bò peyi Dezolasyon an; li te mete l sou lanmè lwès, bò ^akanal ki mennen nan nò a.

6 Epi gade, te gen anpil nan Nefit yo ki te antre andedan l, e ki te vwayaje avèk anpil pwovizyon, anpil fi ak timoun; yo te fè nan nò, epi se konsa trann-setyèm ane a te fini.

7 Nan trant-ywityèm ane a, nonm sa a te konstwi lòt bato. Epi premye bato a te retounen e plis moun te antre ladan l; yo te pran anpil pwovizyon, e yo te vwayaje nan nò ankò.

8 Epi, se te konsa, moun pa t janm tande pale konsènan yo ankò. Epi, se te konsa, nou te panse yo te nwaye anba lanmè a. Yon lòt bato te pati ankò, e nou pa t konnen ki kote l fè.

9 Epi, se te konsa, nan ane sa a, te gen anpil moun ki t ale nan ^apeyi nò a. Epi se konsa trant-uityèm ane a te fini.

10 Epi, se te konsa, nan trant-nevyèm ane gouvènman jij yo, Chiblon te mouri tou e Koryanton t ale nan peyi nò a sou yon bato pou l pote pwovizyon bay moun ki te ale nan peyi sa a.

11 Epi, li te nesèsè pou Chiblon remèt bagay sakre sa yo anvan l te mouri bay pitit gason ^aElaman an, ki te rele Elaman, menm jan avèk non papa l.

12 Kounyeya gade, tout ekriti ki te ^anan men Elaman yo te ekri e yo t al jwenn lèzòm nan tout peyi a eksepte nan pa ti Alma te kòmande yo, ekriti yo pa t dwe ^bale la.

13 Se poutèt sa, bagay sa yo

63 ^{1a} Alma 38:1-2.
^b Alma 37:1-12.
GE Sen (adj).
^{4a} Alma 22:31.

^{5a} Alma 22:32;
Etè 10:20.
^{9a} Ela. 3:11-12.
^{11a} Gade nan antèt

liv Elaman.
^{12a} Alma 18:36.
^b Alma 37:27-32.

dwe rete sakre e yo te dwe “pase sòti nan yon jenerasyon ale yon lòt; se poutèt sa, nan ane sa a, anvan Chiblon te mouri, Elaman te resevwa yo.

14 Epi, se te konsa, nan ane sa a tou, te gen rebèl ki t al jwenn Lamanit yo; e yo te leve nan fè kòlè kont Nefit yo ankò.

15 Epi, nan menm ane sa a, yo te desann avèk plizyè lame pou

yo vin goumen avèk pèp “Mowoniya a, oubyen kont lame Mowoniya a. Nefit yo te bat yo e yo te pouse yo deyò al nan tè pa yo; yo te fè anpil pèt.

16 Epi se konsa trant-nevyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini.

17 Epi konsa, istwa Alma, ak pitit gason li a, Elaman ak Chiblon ki te pitit gason li te fini.

LIV ELAMAN AN

Istwa Nefit yo. Lagè yo, chirepit yo ak divizyon yo. Epi pwofesi anpil pwofèt ki sen tou, anvan Kris te vini, dapre istwa Elaman ki te pitit gason Elaman, epi tou, dapre istwa pitit gason li yo jouk nan lè Kris la te vini an. Epi anpil nan Lamanit yo konvèti tou. Istwa konvèsyon yo. Istwa lajistis Lamanit yo epi mechanste ak abominasyon Nefit yo, dapre istwa Elaman ak pitit gason li yo menm jouk nan lè Kris la te vini an, liv ki rele liv Elaman an, eksetera.

CHAPIT 1

Dezyèm Paoran an tounen jij anchèf, Kichkimèn touye l—Pakimèni pran fotèy jijman an—Koryantoumr dirije lame Lamanit yo, li pran Zarayemla e li touye Pakimèni—Mowoniya gen viktw sou Lamanit yo, li rebran Zarayemla e yo touye Koryantoumr. Anviwon 52–50 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya gade, se te ekonsa, kòmansman karantye ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a, te kòmansse gen yon difikilte serye nan pami pèp Nefit yo.

2 Paske gade, “Paoran te mouri

e li te fè menm wout avèk tout tè a; se poutèt sa, te kòmansse gen yon chirepit serye pou yo konnen kiyès nan pami frè ki te pitit Paoran yo ki te dwe chita sou fotèy jijman an.

3 Kounyeya, men non moun ki te goumen pou fotèy jijman an, epi tou, ki te fè pèp la goumen yo: Paoran, Paanki, ak Pakimèni.

4 Kounyeya, sa yo se pa tout pitit gason Paoran yo (paske li te gen anpil) men se sa yo ki te goumen pou fotèy jijman an; se poutèt sa, yo te lakòz twa divizyon nan pami pèp la.

5 Men, se te konsa, “vwa pèp la te lonmen Paoran kòm jij

13a Alma 37:4.
15a Alma 62:43.

[ELAMAN]
1 2a Alma 50:40.

5a Mozya 29:26–29.

anchèf ak gouvènè sou pèp Nefi a.

6 Epi, se te konsa, lè Pakimèni te wè l pa t kapab jwenn fotèy jijman an, li te dakò avèk vwa pèp la.

7 Men gade, Paanki ak pa ti nan pèp la ki te vle l kòm gouvènè yo a, te fache anpil; se poutèt sa, li te pare pou l flate moun sa yo, pou l fè yo revòlte kont frè li yo.

8 Epi, se te konsa, pandan li ta pral fè sa, yo te pran l e yo te jije l daprè vwa pèp la, e li te kondane pou l mouri; paske li te leve nan rebelyon e li te chèche pou l detwi "libète pèp la.

9 Kounyeya, lè moun ki te vle nonmen l gouvènè yo te wè li te kondane pou l mouri, yo te fache e yo voye yonn ki te rele Kichkimèn jis nan fotèy jijman Paoran an, e li te touye Paoran pandan Paoran te chita sou fotèy jijman an.

10 Epi, sèvitè Paoran yo te rapousuiv li, men, Kichkimèn te kouri tèlman vit, pèsonn pa t kapab pran l.

11 Li t al jwenn moun ki te voye l yo e yo tout te fè alyans, wi yo fè sèman sou tèt Kreyatè etènèl la pou yo pa di pèsonn Kichkimèn te touye Paoran.

12 Se poutèt sa, yo pa t konnen Kichkimèn nan pami pèp Nefi a, paske, li te degize lè l te touye Paoran, e Kichkimèn ak gwoup ki te fè alyans avèk li a te melanje kò yo nan pami pèp la yon fason, yo pa t kapab jwenn tout ladan yo; men, tout sa pèp la te jwenn, yo te kondane pou yo "mouri.

13 Epi kounyeya gade, vwa pèp la te lonmen Pakimèni kòm jij anchèf ak gouvènè alatèt pèp la, nan plas Paoran, ki te frè li a, daprè dwa l. Tout bagay sa yo te fèt nan karantèm ane gouvènman jij yo, epi sa te fini.

14 Epi, se te konsa, nan karanteyinyèm ane gouvènman jij yo, Lamanit yo te rasanble yon konkenn chenn lame chaje sòlda, e yo te ame yo avèk epe, kouto, flèch, kas, kiras, e avèk tout kalite zam.

15 Epi, yo te desann ankò pou yo goumen avèk Nefit yo. Epi nonm ki t ap dirije yo a te rele Koryantoumr, li te yon desandan Zarayemla, e li te yon disidan ki te sòti nan pami Nefit yo; e se te yon gwo nonm vanyan.

16 Se poutèt sa, wa Lamanit yo ki te rele Toubalòt, ki te pitit gason "Ammowon, li te konprann, paske Koryantoumr te yon nonm vanyan, li te kapab kanpe kont Nefit yo avèk fòs li, epi tou avèk gwo ladrès pa l, t ap ka ale pou l te kapab pran pouvwa alatèt Nefit yo—

17 Se poutèt sa, li te pouse yo fè kòlè, li te rasanble lame l yo ansanm, li te lonmen Koryantoumr pou dirije yo, e li te fè yo desann nan peyi Zarayemla a pou yo kapab goumen avèk Nefit yo.

18 Epi, se te konsa, poutèt pakèt chirepit ak pakèt difikilte nan gouvènman an, yo pa t kenbe ase gad nan peyi Zarayemla a paske yo te panse Lamanit yo pa t ap pran chans vin nan

kè peyi yo a pou yo atake gran vil Zarayemla a.

19 Men, se te konsa, Koryantoumr te mache nan tèt gwo lame li a e li te tonbe sou abitan vil la, e yo te tèlman mache avèk vitès, pa t gen tan pou Nefit yo te rasanble lame yo.

20 Se poutèt sa, Koryantoumr te rache santinèl ki ta p veve antre vil la, e li te mache avèk tout lame li a nan vil la, yo te touye tout moun ki mete opozisyon e yo te pran vil la.

21 Epi, se te konsa, Pakimeni ki te jij anchèf la, te kouri devan Koryantoumr jouk bò miray vil la. Epi, se te konsa, Koryantoumr te frape l nan kloti a epi l te mouri. Se konsa jou Pakimeni yo te fini.

22 Epi kounyeya, lè Koryantoumr te wè vil Zarayemla a tonbe nan men l, e l te wè Nefit yo kouri devan l, yo te mouri, Lamanit yo te pran yo, jete yo nan prizon, epi li te pran vil ki pi fò nan peyi a, kè li te tèlman gonfle nan lògèy, li te pare pou l ale batay kont tout peyi a.

23 Epi kounyeya, li pa t rete nan peyi Zarayemla a, men, li te mache avèk yon gwo lame pou l al nan vil Abondans la; paske, se te detèminasyon l pou l mache fè wout li avèk epe pou l kapab pran pa ti nò peyi a.

24 Epi, li te konprann pi gwo fòs Nefit yo te nan mitan peyi a, se poutèt sa, li te mache, li pa t ba yo tan pou yo rasanble, eksepte kèk ti gwoup; e konsa, Lamanit yo te tonbe sou yo e Lamanit yo te lage yo atè.

25 Men gade, mach Koryantoumr te mache nan mitan peyi a te bay Mowoniya yon gwo avantaj sou yo, malgre anpil Nefit ki te mouri.

26 Men gade, Mowoniya te panse Lamanit yo pa t ap pran chans vini nan mitan peyi a, men yo t ap atake vil bò fwontyè yo jan yo te deja konn fè a; se poutèt sa, Mowoniya te fè gwo lame yo kenbe zòn bò fwontyè yo.

27 Men gade, Lamanit yo pa t atake jan l te vle a, men yo te vini nan mitan peyi a, epi yo te pran kapital la, ki se vil Zarayemla a; epi yo t ap mache sou pi gwo vil peyi a, yo te touye anpil moun, ni gason, ni fi, ak timoun, yo te pran anpil vil ak anpil pozisyon fò.

28 Men lè Mowoniya te dekouvri sa, li te voye Leyi avèk yon lame pou sènen yo anvan yo vini nan peyi Abondans la.

29 Se konsa li te fè; e li te sènen yo anvan yo te rive nan peyi Abondans la; li te goumen avèk yo tèlman, yo te kòmanse fè bak nan peyi Zarayemla a.

30 Epi, se te konsa, Mowoniya te sènen yo nan kachèt yo; li te goumen ak yo tèlman, batay la te vin tounen yon masak; wi, anpil moun te mouri, e yo te jwenn "Koryantoumr nan pami moun ki te mouri yo.

31 Epi kounyeya, gade, Lamanit yo pa t kapab fè okenn wout, ni nan nò, ni nan sid, ni nan lès, ni nan lwès, paske, Nefit yo te antoure yo tout kote.

32 Epi konsa, Koryantoumr te

tèlman plonje Lamanit yo nan mitan Nefit yo, yo te anba pouvw Nefit yo, e Koryantoumr limenm te mouri, epi Lamanit yo te lage kò yo nan men Nefit yo.

33 Epi, se te konsa, Mowoniya te repran vil Zarayemla a ankò e li te fè prizonye Lamanit yo kite peyi a nan lapè.

34 Se konsa karanteyinyèm ane gouvènman jij yo te fini.

CHAPIT 2

Elaman pitit gason Elaman an vin tounen jij anchèf—Gadyanton dirije gwoup Kichkimèn nan—Sèvitè Elaman yo touye Kichkimèn e gwoup Gadyanton an kouri al nan dezè a. Anviwon 50–49 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, nan karantdezyèm ane gouvènman jij yo, lè Mowoniya te fin tabli lapè nan pami Nefit yo ak Lamanit yo ankò, pa t gen pèsonn pou chita sou fotèy jijman an; se poutèt sa, te kòmanse gen chirèpit nan pami pèp la ankò, pou yo konnen ki moun ki dwe pran fotèy jijman an.

2 Epi, se te konsa, Elaman, ki te pitit gason Elaman, te jwenn nominasyon pou pran fotèy jijman an avèk vwa pèp la.

3 Men gade, "Kichkimèn ki te touye Paoran, li te tann pèlen pou l detwi Elaman tou. Epi, gwoup li a ki te fè alyans pou pèsonn pa konnen mechanste l yo te soutni l.

4 Paske, te gen youn yo te rele "Gadyanton, ki te gen bouch

dous anpil, li te mètdam nan fè asasina ak vòl; se poutèt sa, li te vin tounen chèf gwoup Kichkimèn nan.

5 Se poutèt sa, li te kraponnen yo ak Kichkimèn pou fè yo konnen si yo mete l nan fotèy jijman an, l ap bay moun ki nan gwoup li yo pouvw ak otorite nan pami pèp la; se poutèt sa, Kichkimèn chèche pou l detwi Elaman.

6 Epi, se te konsa, pandan l ta prale nan direksyon fotèy jijman an pou l detwi Elaman, youn nan sèvitè Elaman yo ki te deyò nan nuit, e ki te degize l pou l te kapab konnen plan bann sa a, te fè pou detwi Elaman—

7 Epi, se te konsa, li te rancontre Kichkimèn e li fè l siy; Kichkimèn te di l sa l te vle fè a, Kichkimèn te vle pou sèvitè a mennen l nan fotèy jijman an pou l kapab asasinen Elaman.

8 Epi, lè sèvitè Elaman an te fin konnen tout sa ki te nan kè Kichkimèn, jan se te entansyon l pou l te fè asasina, epi tou se te entansyon tout moun ki te nan gwoup li yo pou yo te fè asasina, pou yo te fè vòl, pou yo te pran pouvw, (se te "plan sekre yo ak konbinezon yo) sèvitè Elaman an te di Kichkimèn: Annou ale nan fotèy jijman an.

9 Kounyeya, sa te fè Kichkimèn kontan anpil, paske li te konnen li t ap akonpli sa l te vle a; men gade, pandan yo ta pral nan fotèy jijman an, sèvitè Elaman an te ponyade Kichkimèn nan kè, li te tonbe rèd san l pa t brannen,

2 3a Ela. 1:9.

4a GE Vòlè Gadyanton yo.

8a 2 Ne. 10:15.

GE Konbinezon sekre.

epi li te kouri al di Elaman tout sa l te wè, tout sa l te tandé ak tout sa l te fè.

10 Epi, se te konsa, Elaman te voye al pran bann vòlè ak asasen sekrè yo pou yo pase anba egzekisyon daprè lalwa a.

11 Men gade, lè Gadyanton te wè Kichkimèn pa t retounen, li te pè pou l pa t detwi; se poutèt sa, li te fè gwoup li a suiv li, epi yo te pati kite peyi a an sekrè pou y al nan dezè a; konsa, lè Elaman te voye pran yo, yo pa t kapab jwenn yo okenn kote.

12 Epi, nou pral pale plis konsènan Gadyanton sa a apre. Epi, se konsa karant-dezyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini.

13 Epi gade, nan finisman liv sa a, ou gen pou w wè “Gadyanton te reyalize viktwa, wi, destriksyon prèske total tout pèp Nefi a.

14 Gade, m pa vle di finisman liv Elaman an, men m vle di finisman liv Nefi a; se ladan l m te pran tout istwa m te ekri yo.

CHAPIT 3

Anpil Nefit vwayaje al nan nò—Yo bati anpil kay avèk siman e yo kenbe anpil rejis—Anpil dizèn milye moun konvèti epi yo batize—Pawòl Bondye a mennen lèzòm nan sali—Nefi, pitit gason Elaman an chita nan fotèy jijman an. Anviwon 49–39 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, nan karantwazyèm ane gouvènman

jij yo, pa t gen chirepit nan pami pèp Nefi a, eksepte yon ti lògèy ki te nan legliz la, ki te lakòz kèk ti divizyon nan pami pèp la. Bagay sa yo te regle nan finisman karantwazyèm ane a.

2 Epi, pa t gen chirepit nan pami pèp la nan karantkatriyèm ane a, ni nan karantsekyèm ane a.

3 Epi, se te konsa, nan karantsezyèm ane a, wi, te gen anpil chirepit ak divizyon; nan bagay sa yo, te gen anpil moun ki pati kite peyi Zarayemla a, e ale nan peyi “nò a pou yo eritye peyi a.

4 Epi, yo te tèlman vwayaje sou yon long distans, yo te vin jwenn yon “gwo letan dlo ak anpil rivyè.

5 Wi, yo te menm gaye nan tout pati nan peyi a, nan tout kote ki pa t tankou yon dezè san pyebwa, poutèt anpil moun ki te eritye peyi a anvan yo.

6 Epi kounyeya, okenn pati nan peyi a pa t dezole; te sèlman manke pyebwa; men poutèt anpil “destriksyon pèp ki te rete nan peyi a anvan an, yo te di peyi a ^bdezole.

7 Epi, pa t gen anpil pyebwa sou sifas peyi a, men, moun ki t ale yo te vin fò anpil nan travay an siman; se poutèt sa, yo te bati anpil kay avèk siman pou yo rete.

8 Epi, se te konsa, yo te miltipliye epi yo te gaye; yo te sòti nan sid pou y al nan nò; tèlman yo te gaye, yo te kòmanse kouvri sifas tout peyi a, depi nan lanmè sid la jouk nan lanmè nò

13a Ela. 6:18; 4 Ne. 1:42.
3 3a Alma 63:4.

4a Mozya 8:8;
Mòm. 6:4.

6a Mozya 21:25–27.
b Alma 22:31.

a, depi nan ^alanmè lwès la jouk nan lanmè lès la.

9 Epi, moun ki te nan peyi nò yo te rete nan tant ak kay an siman, e yo te kite tout kalite pye-bwa pouse sou sifas peyi a, pou yo grandi, pou yon lè, sa ta pèmèt yo gen bwa pou yo kapab bati kay, wi, vil, tanp, sinagòg, kay adorasyon ak tout kalite konstriksyon.

10 Epi, se te konsa, kòm te manke bwa anpil nan peyi nò a, yo te voye fè ^atranspòte yo sòti lòt kote.

11 Epi, konsa yo te pèmèt moun nan nò peyi a yo a bati anpil vil alafwa ak bwa e ak siman.

12 Epi, se te konsa, anpil moun nan ^apèp Amon an ki te nan ras Lamanit la t al nan peyi sa a tou.

13 Epi kounyeya, gen anpil moun nan peyi sa a ki te ekri anpil nan istwa pèp sa a. Istwa sa yo detaye epi yo anpil.

14 Men gade, yon santyèm pati nan aktivite pèp sa a, wi, istwa Lamanit yo ak Nefit yo, ak lagè yo, ak chirepit, ak divizyon, ak predikasyon yo, ak pwofesi yo, ak komès yo, ak konstriksyon bato yo, ak konstriksyon ^atanp yo, ak sinagòg yo, ak kay adorasyon yo, ak lajistis yo, ak mechanste yo, ak اساسina yo, ak vòl yo, ak piyay yo, epi tout kalite abominasyon ak adiltè yo twòp pou ekri nan liv sa a.

15 Men gade, gen anpil liv ak

tout kalite rejis, se Nefit yo ki te plis kenbe yo.

16 Epi, Nefit yo te ^apase sòti nan yon jenerasyon ale nan yon lòt, jistan Nefit yo te vin tonbe nan transgresyon, e moun te اساسinen yo, piye yo, chase yo, kouri dèyè yo, touye yo, gaye yo sou sifas tè a, epi yo te vin melanje ak Lamanit yo jistan yo ^bpa t rele Nefit ankò, yo te vin mechan, sovaj, fewòs, wi, yo te menm vin tounen Lamanit.

17 Epi kounyeya, m tounen ankò nan istwa m t ap rakonte a. Bagay m te di yo te pase apre te fin gen gwo chirepit, ak twoub, ak lagè, ak divizyon nan pami pèp Nefi a.

18 Karannsizyèm ane gouvènman jij yo te fini;

19 Epi, se te konsa, te toujou gen gwo chirepit nan peyi a menm nan karann-setyèm ak karann-ywityèm ane a.

20 Men, Elaman te kenbe fotèy jijman an nan lajistis ak egalite; wi, li te eseye kenbe regleman, jijman ak kòmandman Bondye yo; li te fè sa ki bon devan Bondye tout tan; li te tèlman mache sou tras papa l, li te pwospere nan peyi a.

21 Epi, se te konsa, li te gen de pitit gason, li te rele pi gran an ^aNefi, e li rele pi jèn nan ^bLeyi. Epi yo te kòmanse grandi nan sekou Senyè a.

22 Epi, se te konsa, lagè ak chirepit yo kòmanse yon ti jan sispann nan pami pèp Nefit yo

8a Alma 22:27, 32.

10a Alma 63:5–8.

12a Alma 27:21–26.

14a 2 Ne. 5:16;

Jakòb 1:17; 3 Ne. 11:1.

16a 1 Ne. 5:16–19;

Alma 37:4.

b Alma 45:12–14.

21a GE Nefi, pitit gason Elaman.

b GE Leyi, misyonè Nefit.

nan finisman karann-ywityèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a.

23 Epi, se te konsa, nan karant-nevyèm ane gouvènman jij yo, te gen lapè san rete ki te tabli nan peyi a, eksepte konbinezon sekrè vòlè ki te rele “Gadyanton an te tabli nan pati ki te plis gen tout moun nan peyi a. Gouvènman nan epòk sa a pa t konnen zafè konbinezon sa a, se poutèt sa gouvènman an pa t detwi yo nan peyi a.

24 Epi, se te konsa, nan menm ane sa a, te gen gwo pwosperite nan legliz la; te gen anpil milye moun ki te rantre nan legliz la e yo te batize pou repantans.

25 Epi, tèlman legliz la te pwospere, e tèlman anpil benediksyon te desann sou pèp la, menm gran prèt yo ak enstriktè yo, pou tèt pa yo, yo te etone san anpil.

26 Epi, se te konsa, travay Senyè a te pwospere nan batize ak inifye legliz Bondye a, batize anpil nanm, wi, menm anpil dizèn milye nanm.

27 Konsa, nou wè Senyè a gen mizèrikòd pou tout moun ki lonmen non l avèk yon kè ki sensè.

28 Wi, konsa nou wè ^apòt syèl la louvri pou ^btout moun, pou moun ki kwè nan non Jezikri, ki se Pitit Gason Bondye a.

29 Wi, nou wè tout moun ki vle, yo kapab pran ^apawòl Bondye a, pawòl sa a ki ^brapid e ki

gen pouvwa, ki gen pou l sote tout mètdam, ak pyèj, ak vire tounen dyab la fè de bout, pou l mennen moun Kris la nan yon chemen etwat e ^ckwense, pou l kapab janbe sou tèt ^agouf mizè etènèl ki pare pou anglouti mechan yo—

30 Epi, pou fè nanm yo ateri, oubyen pou fè nanm imòtèl yo ateri ^abò kote dwat Bondye nan wayòm syèl la, pou yo chita avèk Abraram, Izarak, Jakòb ak tout zansèt ki te sen nou yo, pou yo pa janm sòti ankò.

31 Epi, nan ane sa a te gen anpil rejwisans nan peyi Zarayemla a ak tout rejyon alantou yo tou, nan tout tè Nefit yo te posede yo.

32 Epi, se te konsa, te gen lapè ak anpil lajwa nan rès karant-nevyèm ane a; wi, epi tou, te gen lapè tout tan ak anpil lajwa nan senkantyèm ane gouvènman jij yo.

33 Epi, nan senkanteyinyèm ane gouvènman jij yo te gen lapè tou, eksepte lògèy ki te kòmanse antre nan legliz la—Pa nan legliz Bondye a, men, nan kè moun yo ki te deklare yo fè pa nan legliz Bondye a—

34 Epi, yo te gonfle kè yo avèk ^alògèy jistan yo te pèsèkite anpil nan frè yo. Kounyeya, sa te yon gwo malè ki te lakòz pati ki pi enb nan pèp la soufri anpil pèsèkisyon, e yo te travèse anpil afliksyon.

35 Men, yo te ^ajene e yo te

23a Ela. 2:4.

28a 2 Ne. 31:9; 17.

b Tra. 10:28;

Wom. 2:10–11.

29a GE Pawòl Bondye.

b Ebre 4:12;

D&A 11:2.

c 2 Ne. 9:41; 33:9.

d 1 Ne. 15:28–30.

30a Mat. 25:33–34.

34a GE Lògèy.

35a GE Jèn, jene.

^bpriye souvan, yo te vin gen plis fòs nan imilite yo e yo te vin pi fèm nan lafwa Kris la jistan nanm yo te ranpli ak lajwa ak konsolasyon, wi, menm jistan kè yo te ^cpirifye e li te ^csanktifye; sanktifikasyon sa a te fèt paske yo te ^dlage kè yo bay Bondye.

36 Epi, se te konsa, senkann-dezyèm ane a te fini nan lapè tou, eksepte pakèt lògèy ki te nan kè pèp la; e se te poutèt pakèt ^erichès ak pwosperite nan peyi a, epi chak jou, yo te vin gen plis lògèy.

37 Epi, se te konsa, nan senkann-twazyèm ane gouvènman jij yo, Elaman te mouri, e Nefi, premye pitit gason li a te kòmanse dirije nan plas li. Epi, se te konsa, li te kenbe fotèy jijman an nan lajistis ak egalite, wi, li te respekte kòmandman Bondye yo epi li te mache sou tras papa l.

CHAPIT 4

Nefit rebèl yo ak Lamanit yo mete fòs yo ansanm e yo pran peyi Zarayemla a—Nefit yo pèdi batay poutèt mechanste yo—Legliz la dejenere, e pèp la vin fèb tankou Lamanit yo. Anviwon 38-30 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, nan senkann-katriyèm ane a, te gen anpil divizyon nan legliz la, epi tou, te gen yon gwo ^echirepit nan pami pèp la ki te fè anpil san koule.

2 Epi, yo te touye rebèl yo, yo

te chase yo pou yo te kite peyi a epi yo t al jwenn wa Lamanit yo.

3 Epi, se te konsa, rebèl yo te chèche eksite Lamanit yo kont Nefit yo, men Lamanit yo te pè anpil e yo pa t koute rebèl yo.

4 Men, se te konsa, nan senkann-sizyèm ane gouvènman jij yo, te gen ^erebèl Nefit ki t al jwenn Lamanit yo; yo t ale apre lòt Nefit rebèl ki te deja ale yo, e yo te pouse Lamanit yo nan kòlè kont Nefit yo, e yo tout te pare pou lagè nan ane sa a.

5 Epi, nan senkann-setyèm ane a yo te desann vin goumen avèk Nefit yo, epi yo te kòmanse travay lanmò a; wi, konsa, nan senkant-ywityèm ane gouvènman jij yo, yo te rive pran peyi Zarayemla a ak tout tè ki te menm bò vil Abondans la.

6 Epi, yo te pouse Nefit yo ak lame Mowoniya a al nan vil Abondans la;

7 Epi, se la yo te pati yo kont Lamanit yo, depi bò lanmè lwès la jouk nan lanmè lès la; liy fwontyè yo te fòtifye sou tout longè, kote yo te kanpe pou pwoteje zòn nò peyi a, te yon jounen mach pou yon Nefit.

8 Epi konsa, avèk èd anpil lame Lamanit, rebèl Nefit yo te pran tout pwopriyete Nefit yo ki te nan sid peyi a, e tout bagay sa yo te fèt nan senkant-ywityèm ak senkant-nevyèm ane gouvènman jij yo.

9 Epi, se te konsa, nan swasantyèm ane gouvènman jij yo Mowoniya te gen siksè avèk lame

35^b GE Priyè.
c GE Enb, imilite.
d GE Pi, pite.

e GE Sanktifikasyon.
f 2 Kwo. 30:8;
Mozya 3:19.

36^a GE Richès.
4 1^a 3 Ne. 11:29.
4^a Ela. 5:17.

li yo, li te rebran anpil pati nan peyi a; wi, yo te rebran anpil vil ki te tonbe anba men Lamanit yo.

10 Epi, se te konsa, nan swasanteyinyèm ane gouvènman jij yo, yo te reyisi rebran menm mwatye nan pwopriyete yo.

11 Kounyeya, gwo pèt ak gwo masak sa a pa t ap rive nan pami Nefit yo si se pa t pou mechanste ak abominasyon ki te gen nan pami yo; wi, e bagay sa yo te nan pami moun sa yo ki te deklare yo fè pati nan legliz Bondye a tou.

12 Epi, se te poutèt “lògèy ki te nan kè yo paske yo te gen anpil richès, wi, paske yo te oprese pòv yo, yo pa t bay moun ki grangou yo manje, yo pa t bay moun ki toutouni yo rad, yo te souflete frè ki gen imilite yo nan figi, yo te moke bagay ki sakre, yo te nye lespri pwofesi ak lespri revelasyon, yo te fè اساسina, yo te fè piyay, yo te bay manti, yo te vòlè, yo te fè adiltè, yo te leve gwo chirepit e yo te kite peyi Nefi a pou y al jwenn Lamanit yo—

13 Epi, poutèt gwo mechanste yo ak “lwanj yo te fè pou fòs pa yo, yo te rete avèk fòs pa yo; se poutèt sa, yo pa t pwospere, men, yo te aflije, yo te frape e Lamanit yo te chase yo jistan yo te pèdi prèske tout tè yo.

14 Men gade, Mowoniya te preche pèp la anpil bagay poutèt inikite yo, epi tou, “Nefi ak Leyi ki te pitit gason Elaman an te preche pèp la anpil bagay; wi,

yo te pwofetize anpil bagay konsènan inikite pèp la ak sa ki gen pou rive yo si yo pa repanti nan peche yo.

15 Epi, se te konsa, yo te tèlman repanti, yo te kòmanse pwospere.

16 Lè Mowoniya te wè yo te repanti, li te mache mennen yo sòti nan yon kote al nan yon lòt soti, nan yon vil al nan yon lòt jistan yo te rebran mwatye nan pwopriyete yo ak peyi yo a.

17 Se konsa swasanteyinyèm ane gouvènman jij yo te fini.

18 Epi, se te konsa, nan swasann-dezyèm ane gouvènman jij yo, Mowoniya pa t kapab pran okenn pye sou Lamanit yo ankò.

19 Se poutèt sa, yo te abandone plan yo te genyen pou yo te pran rès tè yo, paske Lamanit yo te tèlman anpil, li te vin enposib pou Nefit yo te gen plis pouvwa sou yo; se poutèt sa, Mowoniya te anplwaye tout lame li yo pou l te kapab kenbe pati li te pran yo.

20 Epi, se te konsa, poutèt Lamanit yo ki te anpil, Nefit yo te gen anpil laperèz pou Lamanit yo pa t pran pouvwa sou yo, pou yo pa t pilonnen yo anba pye, pou yo pa mouri epi pou yo pa detwi.

21 Wi, yo te kòmanse sonje pwofesi Alma yo ak pawòl Mozya yo; e yo te wè yo te yon pèp ki gen kou rèd, epi yo pa t pran kòmandman Bondye yo pou anyen;

22 Epi, yo te chanje “lalwa

12a Abd. 1:3–4;
D&A 101:42.
b 1 Tim. 6:17;

2 Ne. 9:42.
c D&A 42:30–31.
13a GE Lògèy.

14a Ela. 3:21.
22a Alma 1:1.

Mozya yo e yo te pilonnen yo, oubyen, kòmandman Senyè a te bay pèp la; e yo te wè lalwa yo te vin kowonpi, epi yo te vin tounen yon pèp mechan tankou Lamanit yo.

23 Epi, poutèt inikite yo, legliz la te kòmanse “dejenere, e yo te kòmanse pa kwè nan lespri pwofesi ak lespri revelasyon, e jijman Bondye t ap fikse gade yo nan je.

24 Epi, yo te wè yo te “vin fèb tankou Lamanit yo, ki te frè yo, e Lespri Senyè a pa t prezève yo ankò; wi, li te sòti nan pami yo, paske ^bLespri Senyè a pa rete nan tanp ki pa “sen—

25 Se poutèt sa, Senyè a te sispann prezève yo avèk pouvwa mirak san parèy li a, paske yo te tonbe nan yon eta “enkredilite ak mechanste terib, yo te wè Lamanit yo te tèlman anpil pase yo, e si yo pa t ^bpanche sou Senyè a, Bondye yo a, yo t ap peri kamèm.

26 Paske gade, yo te wè Lamanit yo te gen menm kantite fòs ak yo, menm lè yo ta mete chak Lamanit devan yon Nefit. Epi Konsa, yo te tonbe nan gwo transgresyon sa a; wi, konsa yo te vin fèb poutèt transgresyon yo te fè nan yon “tikras tan.

CHAPIT 5

Nefi ak Leyi devwe tèt yo nan preche—Non yo envite yo pou yo fè

lavi yo yon modèl pou zansèt ki te vin anvan yo—Kris la sove moun ki repanti—Nefi ak Leyi konvèti anpil moun, moun yo fèmen nan prizon e dife antoure yo—Yon gouf fènwa antoure twasan moun—Tè a souke, e yon vwa kòmande lèzòm pou yo repanti—Nefi ak Leyi pale avèk zanj e dife antoure foul la. Anviwon 30 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, nan menm ane sa a, “Nefi te pase fotèy jijman an bay yon nonm ki te rele Sezoram.

2 Paske, kòm “vwa pèp la te tabli lalwa yo ak gouvènman an, e moun ki te ^bchwazi mal yo te plis pase sa ki te chwazi byen yo, se poutèt sa, yo te mi pou destriksyon, paske lalwa a te vin kòwonpi.

3 Wi, e se pa t tout; yo te yon pèp ki te tèlman gen kou rèd, ni lalwa a, ni lajistis pa t kapab gouvène yo, eksepte pou yo ta detwi.

4 Epi, se te konsa, Nefi te vin fatige poutèt inikite pèp la; li te “remèt fotèy jijman an epi li te pran responsablite pou l preche pawòl Bondye pou tout rès lavi l, e frè l la, Leyi, pou tout rès lavi l tou;

5 Paske yo te sonje pawòl papa yo, Elaman te pale yo. Men pawòl li te pale yo:

6 Gade, pitit gason m yo, m vle pou nou ta sonje pou nou respekte kòmandman Bondye

23a GE Apostazi.

24a Mozya 1:13.

b GE Sentepri.

c Mozya 2:37;

Alma 7:21; 34:36.

25a GE Enkredilite.

b Jakòb 6:5.

26a Alma 46:8;

Ela. 12:3–4.

5 1a Ela. 3:37.

2a Mozya 29:25–27.

b Alma 10:19.

4a Alma 4:15–20.

yo; e m ta vle pou nou deklare pèp la pawòl sa yo. M te ba nou non premye “paran nou yo ki te sòti nan peyi Jerizalèm; m te fè sa pou nou kapab sonje non yo, lè nou sonje non pa nou; lè nou sonje yo, n ap sonje zèv yo, e lè nou sonje zèv yo, nou kapab konnen poukisa moun di, epi poukisa moun ekri, yo te ^bbon moun.

7 Se poutèt sa, pitit gason m yo, m ta vle pou nou fè sa ki bon, pou yo kapab di, e pou yo kapab ekri pou nou, menm jan yo te di ak ekri sou yo a.

8 Epi kounyeya, pitit gason m yo, m gen plis bagay m vle nan men nou. M pa vle nou fè bagay sa yo pou nou kapab fè lwanj pou tèt pa nou, men, nou dwe fè bagay sa yo pou nou kapab prepare yon “trezò nan syèl la pou tèt pa nou, trezò etènèl ki p ap janm blaze a; wi, pou nou kapab gen ^bgwo kado lavi etènèl sa a, kado bon jijman nou fè nou kwè zansèt nou yo te resevwa a.

9 O, pitit gason m yo, sonje, sonje “pawòl wa Benjamen te pale pèp li a; wi, sonje, pa gen okenn lòt chemen ni mwayen pou lèzòm sove, eksepte nan san ^bekspyatwa Jezikri ki gen pou l vini an; wi, sonje li gen pou l vin “rachte ^dmond lan.

10 Epi tou, sonje “pawòl Ami-

lèk te di Zizwòm nan vil Amoniya a; li te di l, tout bon Senyè a gen pou l vin rachte pèp li a, men li p ap vin rachte yo nan peche, men, l ap vin rachte yo anba peche.

11 Epi, papa l te ba l pouvwa pou l rachte yo anba peche si yo repanti; se poutèt sa, li te “voye zanj li yo pou deklare bòn nouvèl sou kondisyon repantans yo, ki mennen nan pouvwa Redanmtè a pou nanm yo kapab sove.

12 Epi kounyeya, pitit gason m yo, sonje, sonje se sou “wòch Redanmtè nou an, ki se Kris la, Pitit Gason Bondye a, nou dwe bati ^bfondasyon nou; konsa, lè dyab la voye gwo van li yo, wi, pik li yo nan toubiyon an, wi, lè tout lagrèl li yo ak gwo “siklòn li yo vin bat nou, li p ap gen pouvwa sou nou pou l trennen nou desann nan gouf mizè ak malè etènèl la, poutèt sou wòch nou bati a, ki se yon bon fondasyon, lèzòm pa kapab tonbe si yo bati sou fondasyon sa a.

13 Epi, se te konsa, se te pawòl Elaman te “preche pitit gason l yo; wi, li te preche yo anpil bagay ki pa t ekri ak anpil bagay ki ekri.

14 Epi, yo te sonje pawòl li yo, se poutèt sa, yo t ale, yo te respekte kòmandman Bondye yo,

6a 1 Ne. 1:1, 5.

b 2 Ne. 33.

8a 3 Ne. 13:19-21.

b D&A 14:7.

9a Mozya 2:9.

b Mozya 3:17-18.

GE Ekspyasyon, ekspye.

c GE Redanmtè,

rehablisman,

redanmsyon.

d GE Mond—

Moun ki pa obeyi kòmandman yo.

10a Alma 11:34.

11a Alma 13:24-25.

12a Mat. 7:24-27;

D&A 6:34;

Moyiz 7:53.

GE Wòch;

Wòch-fondasyon.

b Eza. 28:16;

Jakòb 4:16.

c 3 Ne. 14:25, 27.

13a Mozya 1:4.

pou y al preche pawòl Bondye nan pami pèp Nefi a; yo te kòmanse nan vil Abondans la;

15 Apati kote sa yo t al nan vil Jid la, e yo te sòti nan vil Jid la pou y al nan vil Melèk la;

16 E sòti nan yon vil ak yon lòt jistan yo t al nan pami tout pèp Nefi ki te nan sid la; e sòti la ale nan tè Zarayemla a nan pami Lamanit yo.

17 Epi, se te konsa, yo te tèlman preche avèk gwo pouvwa, yo te konfonn anpil nan “rebèl ki te sòti nan pami Nefit yo, konsa, yo te vin konfese peche yo, epi yo te batize nan repantans, epi yo te retounen imedyatman al jwenn Nefit yo pou yo kapab chèche repare mal yo te fè yo.

18 Epi, se te konsa, Nefi ak Leyi te preche Lamanit yo avèk tèlman gwo pouvwa, ak otorite, paske yo te resevwa pouvwa ak otorite pou yo kapab “pale, epi tou yo te resevwa pawòl yo te dwe di yo—

19 Se poutèt sa, pawòl yo te etone Lamanit yo anpil, yo te “konvenk yo tèlman, te gen ywi mil Lamanit nan peyi Zarayemla a ak nan alantou yo ki te batize nan repantans epi ki te vin konnen mechanste tradisyon zansèt yo.

20 Epi, se te konsa, Nefi ak Leyi te kite kote sa a pou y al nan peyi Nefi a.

21 Epi, se te konsa, lame Lamanit yo te pran yo jete nan “prizon;

wi, nan menm prizon sèvitè Limi yo te fèmen Amon ak frè l yo.

22 Apre yo te fin fèmen nan prizon pou anpil jou, san manje, moun yo t al nan prizon an pou pran yo pou touye yo.

23 Epi, Nefi ak Leyi te antoure tankou se avèk “dife, moun yo pa t pran chans mete men sou yo pou yo pa boule. Men, Nefi ak Leyi pa t boule; se kòm si yo te kanpe nan mitan dife e yo pa t boule.

24 Epi, lè yo te wè yon “kolòn dife te antoure yo e yo pa t boule, kè yo te pran kouraj.

25 Paske yo te wè Lamanit yo pa t pran chans mete men sou yo; ni tou, yo pa t pran chans vini pre yo, men, yo te kanpe tankou yo te gaga anba sezisman.

26 Epi, se te konsa, Nefi ak Leyi te kanpe e yo te kòmanse pale avèk moun yo, yo te di: Pa pè, paske se Bondye ki montre nou gwo bagay sa a pou l kapab montre nou, nou pa kapab mete men sou nou pou nou touye nou.

27 Epi gade, lè yo te fin di pawòl sa yo, tè a te souke fò, e miray prizon an te souke kòm si yo ta pral vide atè; men gade yo pa t tonbe. Epi gade moun nan prizon yo te Lamanit ak rebèl Nefit.

28 Epi, se te konsa, yon nyaj “tenèb te antoure yo, e yon lakrent terib te tonbe sou yo.

29 Epi, se te konsa, te gen yon

17a Ela. 4:4.

18a D&A 100:5–8.
GE Pwofesi,
pwofetize.

19a GE Konvèsyon,

konvèti;
Travay misyonè.
21a Mozya 7:6–7;
21:23.
23a Egz. 3:2.

24a Egz. 14:24;
1 Ne. 1:6;
D&A 29:12;
I—JS 1:16.
28a Egz. 14:20.

“vwa, kòm si l te sòti anlè nyaj tenèb la ki te di: Repanti, repanti epi pa chèche detwi sèvitè m te voye pou deklare ou bòn nouvèl yo ankò.

30 Epi, se te konsa, lè yo tande vwa sa a, yo te wè se pa t yon vwa loray, ni tou se pa t yon gwo bri fò, men gade, se te yon ti “vwa trankil nèt, kòm si se te yon chichotman, e li te pèse menm nanm yo—

31 Epi, malgre vwa a te ba, gade tè a te tranble anpil, e miray prizon an te tranble ankò kòm si l ta pral tonbe atè, e nyaj tenèb ki te antoure yo a pa t vin klè—

32 Epi gade, se te konsa, vwa a te tounen ankò, li te di: Repanti, repanti, paske wayòm syèl la ap pwoche; pa chèche detwi sèvitè m yo ankò. Tè a te souke ankò e miray yo te tranble.

33 Epi tou vwa a te di yon twazyèm fwa, li te pale yo bèl pawòl ki pa kapab sòti nan bouch yon nonm; e tè a te tranble kòm si li ta pral fann.

34 Epi, se te konsa, Lamanit yo pa t kapab kouri poutèt nyaj tenèb la ki te antoure yo, wi, e tou yo pa t kapab deplase poutèt lakrent ki te tonbe sou yo.

35 Kounyeya, te gen youn ladan yo ki te desandan Nefit depi l te fèt, li te fè pa ti nan legliz Bondye a, yon lè, men li te fè rebèl pou sòti nan pami yo.

36 Epi, se te konsa, li te vire tèt li, e gade li te wè figi Nefi

ak Leyi nan mitan nyaj tenèb la, e gade yo te “klere anpil tan-kou figi yon zanj. Epi li te wè yo leve je yo nan syèl, e se te kòm si yo t ap pale oubyen yo te leve vwa yo bay kèk moun yo t ap gade.

37 Epi, se te konsa, nonm sa a te kriye nan pye gwoup la pou yo kapab vire gade. Epi gade yo te resevwa pouvwa pou yo kapab vire gade, e yo te wè figi Nefi ak Leyi.

38 Epi, yo te di nonm nan: Gade kisa tout bagay sa yo vle di, e avèk kiyès nonm sa yo ap pale?

39 Nonm nan te rele Aminadab. Epi, Aminadab te di yo: Y ap pale ak zanj Bondye yo.

40 Epi, se te konsa, Lamanit yo te di l: “Kisa pou nou fè pou nyaj tenèb sa a kapab sispann kouvri nou?

41 Epi, Aminadab te di yo: Nou dwe “repanti, e kriye bay vwa a jistan nou gen ^blafwa nan Kris la, Alma, Amilèk ak Zizwòm te pale nou an; e lè nou fin fè sa, nyaj tenèb la ap sispann kouvri nou.

42 Epi, se te konsa, yo tout te kòmanse kriye bay vwa moun ki te souke tè a; wi, yo te kriye jistan nyaj tenèb la te gaye.

43 Epi, se te konsa, lè yo te voye je yo e wè nyaj tenèb la sispann kouvri yo, gade yo te “antoure, wi, chak moun te ansèkle avèk yon kolòn dife.

44 Epi, Nefi ak Leyi te nan

29a 3 Ne. 11:3–14.

30a 1 Wa 19:12;

D&A 85:6.

36a Egz. 34:29–35;

Tra. 6:15.

40a Tra. 2:37–39.

41a GE Repantans,
repanti.

^b GE Lafwa.

43a 3 Ne. 17:24;

19:14.

mitan yo; wi, yo te antoure; se kòm si yo te nan mitan flanm dife, men, sa pa t fè yo anyen; ni tou, sa pa t touche miray prizon an; e yo te ranpli ak yon ^alajwa inekspikab e yon laglwa total.

45 Epi lè sa a, ^aLespri Sen Bondye a te desann sòti nan syèl la, li te antre nan kè yo, e yo te ranpli tankou se te avèk dife, e yo te ^bkapab pale bèl pawòl.

46 Epi, se te konsa, yo te tande yon vwa, wi, yon bèl vwa kòm si l t ap chichote pou di:

47 ^aLapè, lapè avèk nou poutèt lafwa nou nan Trè Byenneme m nan ki te la depi nan fondasyon mond lan.

48 Epi kounyeya, lè yo te tande bagay sa a, yo te voye je yo kòm si yo te vle wè kote vwa a te soti; yo te wè ^asyèl la louvri e zanj te desann vin sèvi yo.

49 Epi, te gen anvwon twasan moun ki te wè, e ki te tande bagay sa yo; epi yo te gen kòmandman pou yo ale san etone ni doute.

50 Epi, se te konsa, yo t ale, yo te preche pèp la, yo te deklare tout bagay yo te tande ak tout bagay yo te wè, konsa, yo te konvenk majorite Lamanit yo nan bagay sa yo, poutèt gwo prèv yo te resevwa.

51 Epi, tout moun yo te ^akonvenk yo te depoze zam pou lagè yo, ak rayiman yo ak tradisyon zansèt yo.

52 Epi, se te konsa, yo te remèt Nefit yo tè ki te pou Nefit yo.

CHAPIT 6

Lamanit ki jis yo preche Nefit ki mechan yo—Tou de pèp yo pwos-pere pandan yon epòk lapè ak abondans—Lisifè, ki lotè tout peche, soulve kè mechan yo, epi li dirije vòlè Gadyanton yo nan fè asasina ak mechanste—Vòlè yo pran gouvènman an nan men Nefit yo. Anviwon 29–23 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, lè swasann-dezyèm ane gouvènman jij yo te fini, tout bagay sa yo te fin pase, e pifò, plis nan Lamanit yo te vin tounen yon pèp ki jis tèlman, lajistis yo te depase ^alajistis Nefit yo, poutèt fèmte ak dwati yo nan lafwa a.

2 Paske gade, te gen anpil nan Nefit yo ki te tèlman vin ^aensansib san konsyans, e reyèlman mechan, yo te rejte pawòl Bondye a, ak tout prediksyon, tout pwofesi ki te vini nan pami yo.

3 Men, manm legliz yo te gen anpil lajwa poutèt konvèsyon Lamanit yo, wi, poutèt legliz Bondye a ki te tabli nan pami yo. Epi yo te ^afratènize youn ak lòt, yo te rejwi yo youn ak lòt e yo te gen anpil lajwa.

4 Epi, se te konsa, anpil nan Lamanit yo te desann vin nan peyi Zarayemla a, yo te deklare pèp Nefit yo kòman yo te ^akonvèti, e yo te egzòte yo nan lafwa ak repantans.

5 Wi, anpil te preche avèk gwo

44a GE Jwa.

45a 3 Ne. 9:20;

Etè 12:14.

b GE Don Lespri yo.

47a GE Lapè.

48a 1 Ne. 1:8.

51a Alma 31:5.

6 1a Ela. 13:1.

2a Wom. 1:28–32.

3a GE Kominyon Fratèl.

4a GE Konvèsyon, konvèti.

pouvwa e avèk otorite, jistan yo te desann anpil Nefit nan profondè imilite, pou yo kapab vin disip ki enb Ti Mouton Bondye a.

6 Epi, se te konsa, anpil nan Lamanit yo t ale nan nò, e Nefi ak Leyi t ale nan nò pou yo preche pèp la. Epi, se konsa swasann-twazyèm ane a te fini.

7 Epi gade, te tèlman gen lapè nan peyi a, Nefit yo t ale nenpòt kote yo te vle nan peyi a, kit nan pami Nefit oubyen nan pami Lamanit yo.

8 Epi, se te konsa, tou, Lamanit yo t ale nenpòt kote yo te vle, kit nan pami Lamanit oubyen nan pami Nefit yo; e konsa, yo te gen relasyon lib youn ak lòt, pou yo achte oubyen vann, pou yo fè pwofi jan yo te vle.

9 Epi, se te konsa, yo te vin rich anpil, ni Lamanit yo, ak Nefit yo; yo te gen anpil lò, ak lajan, ak tout kalite metal ki te koute chè, ni nan peyi nò, ni nan peyi sid la.

10 Kounyeya, tè nan sid yo te rele Leyi, e tè nan nò yo te rele "Melèk daprè non pitit gason Sedesyas la, paske Senyè a te mennen Melèk nan peyi tè nò yo, e li te mennen Leyi nan peyi sid yo.

11 Epi, gade, te gen tout kalite lò nan tou de peyi sa yo, ak lajan, ak tout kalite metal ki te koute chè; epi tou, te gen travayè entèlijan ki te rafine tout kalite metal, konsa, yo te vin rich.

12 Yo te plante anpil grenn, ni nan nò, ni nan sid; yo te pwospere anpil ni nan nò, ni nan sid.

Epi yo te miltipliye e yo te vin fò anpil nan peyi a. Yo te fè gadinaj anpil bèt, wi, anpil bèt gra.

13 Madanm yo te bese leve, yo te trese, e yo te fè tout kalite twal ak rad rafine pou yo kouvri nidite yo. Epi, se konsa swasann-katriyèm ane a te fini nan lapè.

14 Epi, nan swasant-senkyèm ane a, yo te gen anpil lajwa ak anpil lapè tou, wi, anpil predikasyon ak pwofesi konsènan sa ki te dwe rive. Epi, se konsa swasanssenkyèm ane a te pase.

15 Epi, se te konsa, nan swasann-sizyèm ane gouvèmanm jij yo, te gen yon men yo pa t konnen ki te asasinen "Sezoram pandan l te chita sou fotèy jijman an. Epi, se te konsa, nan menm ane a, yo te asasinen pitit gason li a pèp la te lonmen nan plas li a tou. Se konsa swasant-sizyèm ane a te fini.

16 Epi, nan kòmansman swasanssentyèm ane a, pèp la te kòmanse grandi anpil nan mechanste ankò.

17 Paske gade, Senyè a te tèlman beni yo pou anpil tan avèk richès mond lan, yo pa t leve nan kòlè pou yo goumen, ni pou yo fè san koule; men, yo te kòmanse mete lide yo sou lari-chès; wi, yo te kòmanse chèche fè pwofi pou youn kapab leve tèt pi wo pase lòt, se poutèt sa, yo te kòmanse fè asasina "ansekrè, vòl, ak piyaj pou yo te kapab fè pwofi.

18 Epi kounyeya gade, asasen ak piyajè sa yo se te yon bann

6a Alma 63:4-9;
Ela. 3:11-12.

10a Mozya 25:2-4;
Ela. 8:21.

15a Ela. 5:1.
17a 3 Ne. 9:9.

Kichkimèn ak “Gadyanton te fòme. Epi te gen anpil nan bann Gadyanton sa yo menm nan pami Nefit yo. Men gade, yo te plis nan pati ki te pi mechan nan pami Lamanit yo, epi yo te rele yo vòlè ak asasen Gadyanton yo.

19 Epi se te yo menm ki te asasinan Sezoram, jij anchèf la ak pitit gason li a; e moun pa t kapab jwenn asasen sa yo.

20 Epi kounyeya, se te konsa, lè Lamanit yo te wè te gen vòlè nan pami yo, sa te fè yo anpil lapenn; e yo te itilize tout mwayen nan pouvwa yo pou yo te kapab detwi yo sou sifas tè a.

21 Men gade, Satan te tèlman pran kè plis moun nan pami Nefit yo, yo te mete ansanm avèk bann vòlè yo, e yo te antre nan alyans ak sèman avèk vòlè yo pou youn kapab pwoteje e prezève lòt nan nenpòt sitiya-syon difisil yo ta ye, pou pèp la pa t soufri asasina, piyay ak vòl yo.

22 Epi, se te konsa, yo te gen siy, wi, siy “sekrè ak pawòl sekrè pou yo kapab distenge yon frè ki te fè alyans, pou nenpòt mechanste yon frè ta fè, lòt frè a p ap frape l, ni nenpòt moun ki te nan bann nan, ki te fè alyans.

23 Epi konsa, yo te kapab asasinan, fè piyay, fè vòl, fè adiltè ak tout kalite mechanste ki kontrè avèk lalwa peyi yo a ak lalwa Bondye yo a.

24 Epi, nenpòt nan moun ki te fè pati nan bann yo a, ki ta fè lòt moun konnen “mechanste ak abominasyon yo, yo t ap jije l, non pa daprè lalwa peyi a, men daprè lalwa mechanste Gadyanton ak Kichkimèn te ba yo.

25 Kounyeya gade, se te “sèman sekrè ak alyans sekrè sa yo Alma te kòmande pitit gason li a, ki pa t dwe revele nan mond lan, pou yo pa t sèvi yon mwayen pou mennen pèp la nan destriksyon li.

26 Kounyeya gade, se pa rejis Elaman te resevwa yo ki te revele “sèman sekrè ak alyans sekrè sa yo bay Gadyanton, men gade se te ^bmenm èt ki te tante premye paran nou yo pou manje fwi defandi a ki te mete yo nan kè Gadyanton—

27 Wi, menm èt ki te fè konplo ak “Kayen, pou te asasinan te Abèl, ki te frè li a, e pou l pa t kite mond lan konnen an. Epi, li te fè konplo ak Kayen e avèk disip li yo depi lè sa a.

28 Epi tou, se menm èt sa a, ki te antre nan kè pèp la, pou yo “bati yon fòtrès ki wo ase pou yo te kapab ale nan syèl la. Epi se te menm moun sa a ki te anime moun ki te sòti nan fòtrès sa a, lè yo te vini sou tè sa a, se li menm ki te gaye travay tenèb ak abominasyon nan tout peyi a, jistan l te trennen pèp la nan yon destriksyon ^btotal ak yon lanfè etènèl.

29 Wi, se te menm èt sa a ki te

18a Ela. 2:4, 12–13.

22a GE Konbinezon sekrè.

24a GE Mechan,
mechanste.

25a Alma 37:27–32.

26a Moyiz 5:29, 49–52.

b 3 Ne. 6:28;
Moyiz 4:6–12.

27a Moyiz 5:18–33.

28a Jen. 11:1–4;

Etè 1:3.

b Etè 8:9, 15–25.

mete sa nan kè "Gadyanton, pou l kontinye fè zèv fènwa ak asasina ansekrè; e li te revele bagay sa yo depi kòmansman lèzòm jouk kounyeya.

30 Epi gade, se li menm ki te "lòtè tout peche. Epi gade li kontinye zèv tenèb li yo, ak asasina ansekrè yo, e li kontinye konplo yo, ak sèman yo, ak alyans yo, ak plan mechanste terib yo desann pran nan yon jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon dapre jan li te kapab gen pouvwa sou kè pitit lèzòm.

31 Epi kounyeya gade, li te tèlman pran gwo pozisyon nan kè Nefit yo, wi, yo te vin mechan anpil; wi, majorite ladan yo te kite chemen lajistis, yo te "pilonnen kòmmandman Bondye yo anba pye, yo te fè wout pa yo, e yo te bati zidòl ki te fèt ak lò e ak lajan pou tèt pa yo.

32 Epi, se te konsa, tout inikite sa yo te vini nan pami yo, sa "pa t pran anpil ane; plis nan bagay sa yo te vini nan pami yo nan swasannsetyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a.

33 Epi, yo te grandi nan inikite nan swasant-ywityèm ane a tou, sa te fè moun ki jis yo lapenn, e yo te plenyen anpil.

34 Epi konsa, nou wè Nefit yo te dejenere nan enkredilite, yo te grandi nan mechanste ak abominasyon, pandan Lamanit yo te kòmanse grandi anpil nan konnesans Bondye yo a; wi, yo te kòmanse respekte regleman ak

kòmmandman li yo, e yo te kòmanse mache nan verite ak dwati devan l.

35 Epi konsa, nou wè Lespri Senyè a te kòmanse "sòti nan pami Nefit yo poutèt mechanste yo, ak jan kè yo te di.

36 Epi konsa nou wè Senyè a te kòmanse lage Lespri l sou Lamanit yo poutèt jan yo te kwè nan pawòl li yo avèk fasilite.

37 Epi, se te konsa, Lamanit yo te chase bann Gadyanton an, yo te tèlman preche pawòl Bondye a nan pami moun ki te pi mechan nan pami yo, bann vòlè sa yo te detwi nèt nan pami Lamanit yo.

38 Epi, se te konsa, alòske, Nefit yo te ranfòse epi sipòte vòlè yo, pou kòmanse nan pa ti ki te pi mechan nan pami Nefit yo, jistan yo te gaye nèt nan peyi Nefit yo, e yo te vin sedui pifò nan moun ki te jis yo jistan yo te vin kwè nan zèv yo, yo te pataje vòl yo, e yo te jwenn ak yo nan asasina ansekrè ak konbinezon yo.

39 Epi konsa, yo te vin tèlman gen tout zafè gouvènman an nan men yo, yo te pilonnen "pòv yo, ak moun ki dou yo, ak disip Bondye ki te enb yo anba pye, yo te souflete yo, dechire yo epi vire do bay yo.

40 Konsa, nou wè yo te nan yon eta terib epi yo te "mi pou destriksyon etènèl.

41 Epi, se te konsa swasant-

29a Ela. 2:4-13.

30a Alma 5:39-42;
Mowo. 7:12, 17;
Moyiz 4:4.

31a 1 Ne. 19:7.

32a Alma 46:8.

35a Mozya 2:36;
D&A 121:37.

39a Sòm 109:16;
Alma 5:54-56;

D&A 56:16.

40a Ela. 5:2; 11:37;
D&A 18:6.

ywityèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini.

PWOFESI NEFI, PITIT GASON ELAMAN AN—Bondye menase pèp Nefi a pou l vizite yo nan kòlè l jistan yo tout detwi si yo pa repanti nan mechanste yo. Bondye frape pèp Nefi a avèk lapès; yo repanti epi yo retounen vin jwenn li. Samyèl, yon Lamanit, pwofetize pou Nefit yo.

Depi nan chapit 7 jouk nan finisman chapit 16.

CHAPIT 7

Yo repouse Nefi nan nò e li retounen nan vil Zarayemla a—Li priye anlè sou tèt fòtrès ki nan jaden li a, e apre sa, li rele pèp li a pou yo repanti, oubyen pou yo peri. Anviwon 23-21 ANVAN JEZIKRI.

GADE, kounyeya, se te konsa, nan swasann-nevyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefit yo, Nefi, pitit gason Elaman an te “retounen sòti nan nò, vin nan peyi Zarayemla a.

2 Paske li te rete nan mitan pèp ki nan nò yo e li te preche yo pawòl Bondye a, epi li te pwofetize yo anpil bagay;

3 Epi, yo te tèlman repouse tout pawòl li yo, li pa t kapab rete nan pami yo, men, li te retounen nan peyi nesans li a.

4 Epi, lè l te wè pèp la nan yon eta mechanste terib konsa, vòlè Gadyanton yo te ranpli fotèy

jijman yo nan vòlè pouvwa ak otorite peyi a; nan mete kòmandman Bondye yo sou kote, epi yo pa t menm yon ti jan mache daprè yo; yo pa t bay lèzòm lajistis;

5 Nan kondane moun ki jis yo poutèt yo te jis, yo te kite moun ki gen tò ak moun ki mechan yo ale san pinisyon poutèt lajan yo te genyen; e plis ankò, yo te mete moun nan pozisyon, nan tèt gouvènman an pou dirije jan yo vle, pou yo te kapab gen benefis ak laglwa “mond lan; e plis ankò, pou yo te kapab fè adiltè pi fasil, vòlè, touye moun epi pou yo te fè jan yo vle—

6 Kounyeya, gwo inikite sa a te vini sou Nefit yo, sa pa t pran anpil ane; e lè Nefi te wè sa, kè l te gonfle avèk lapenn andedan lestomak li, e li te deklare ak nanm ni plen lapenn:

7 O, pito m te fèt lè Nefi, papa m te fèk sòti nan peyi Jerizalèm nan, pou m te kapab rejwi avèk li nan tè pwomiz la; lè sa a, pèp li a te pi fasil pou yo tandè, yo te pi fèm pou yo te respekte kòmandman Bondye yo, yo te lan pou yo tonbe nan inikite, e yo te prese pou yo koute pawòl Senyè a yo—

8 Wi, si m te kapab fèt nan tan sa a, lè sa a, nanm mwen t ap gen lajwa nan lajistis frè m yo.

9 Men gade, se destine pa m pou m viv nan epòk sa a, e pou nanm mwen chaje avèk lapenn poutèt mechanste frè m yo.

10 Epi gade, se te konsa, se te anlè tèt yon fòtrès, ki te nan jaden Nefi a, ki te bò gran wout ki

mennen nan mache prensipal ki te nan vil Zarayemla a; Nefi te mete l ajenou sou tèt fòtrès ki te nan jaden an, fòtrès sa a te pre baryè jaden ki mennen sou gran wout la.

11 Epi, se te konsa, te gen kèk moun ki t ap pase e ki te wè Nefi pandan l t ap lage nanm li bay Bondye anlè fòtrès la; yo te kouri al di pèp la sa yo te wè, e pèp la te kouri ansanm, an foul pou yo te kapab konnen rezon gwo plenyen sa a, pou mechanste pèp la.

12 Epi kounyeya, lè Nefi te leve, li te wè foul moun yo ki te rasanble ansanm.

13 Epi, se te konsa, li te louvri bouch li e di yo: Gade "poukisa nou rasanble ansanm? Èske se pou m kapab pale nou konsènan inikite nou yo?

14 Wi, paske m monte sou fòtrès mwen pou m kapab louvri nanm mwen bay Bondye m nan, poutèt gwo lapenn inikite nou yo te mete nan kè m!

15 Epi, poutèt plenyen ak kriye m, ou rasanble ansanm, e nou sezi; wi, nou gen rezon pou nou sezi; wi, nou dwe sezi paske nou kite dyab la gen gwo pouvwa sou kè nou.

16 Wi, kòman nou fè tonbe anba tantasyon èt sa a ki vle chavire nanm nou anba nan mizè etènèl ak touman san finisman an?

17 O, repanti, repanti! "Poukisa nou vle mouri? Retounen,

retounen vin jwenn Senyè a, Bondye nou an. Poukisa li bliye nou?

18 Se paske nou fè kè di; wi, nou pa vle koute vwa "bon bèje a; wi, nou ^bpwovoke l fè kòlè kont nou.

19 Epi gade, tan pou l ta "rasanble nou, si nou pa repanti, gade l ap gaye nou pou nou kapab vin tounen vyann pou chen ak bèt sovaj.

20 O, kòman nou fè bliye Bondye nou an nan menm jou li te delivre nou an?

21 Men gade, se pou benefis, lwanj lèzòm, wi, pou nou kapab gen lò ak lajan. Epi nou mete lide sou richès ak bagay san valè "mond sa a; pou bagay sa yo, nou asasinen, nou fè piyay, nou vòlè, nou fè ^bfo temwayaj kont pwochen nou, e nou fè tout kalite inikite.

22 Epi, pou rezon sa a, malè pral rive nou, si nou pa repanti. Paske, si w pa repanti gade, gran vil sa a ak tout lòt gran vil alantou yo, ki nan peyi nou posede a, ap sòti nan men nou, nou p ap kapab rete ladan yo ankò; paske gade Senyè a p ap ba nou "fòs kont ènmi nou yo jan li te konn fè anvan an.

23 Paske gade, men sa Senyè a di: M p ap montre mechan yo fòs mwen, pa youn plis pase lòt, eksepte sa yo ki repanti pou peche yo, e ki koute pawòl mwen. Kounyeya se poutèt sa, m ta vle nou wè, frè m yo, l ap "pi bon

13a Mat. 3:5-8.

17a Ezek. 18:23, 31-32.

18a Ezek. 34:12;

Jan 10:14-16;

Alma 5:38-41, 57-60.

GE Bon Bèje.

b Jakòb 1:8;

Alma 12:36-37.

19a 3 Ne. 10:4-7.

21a GE Mondanite.

b Egz. 20:16;

Mat. 15:19-20.

22a Mozya 7:29.

23a Ela. 15:11-15.

pou Lamanit yo pase nou, si nou pa repanti.

24 Paske gade, yo pi jis pase nou, paske yo pa peche kont gwo konesans nou te resevwa a; se poutèt sa, Senyè a ap gen mi-zèrikòd pou yo; l ap “pwolonje lavi yo e l ap ogmante desandan yo, alòske nou tout menm, n ap ^bdetwi si nou pa repanti.

25 Wi, epi malè nou poutèt gwo abominasyon sa a ki vini nan pami nou, nou fè tèt ansanm ladan l, wi, nan gwoup “sekrè Gadyanton te tabli a!

26 Wi, “malè nou poutèt lògèy sa a nou kite antre nan kè nou an, ki leve nou pi wo pase bagay ki bon poutèt anpil ^brichès nou genyen!

27 Wi, malè nou poutèt mechanste ak abominasyon nou yo!

28 Si nou pa repanti, n ap peri; wi, tè nou yo ap sòti nan men nou, e n ap detwi sou sifas tè a.

29 Gade kounyeya, se pa pou tèt pa m, m di bagay sa yo pral fèt; paske se pa pou tèt pa m, m “konnen bagay sa yo; men gade, m konnen bagay sa yo se verite paske Senyè Bondye a te fè m konnen yo, se poutèt sa m temwaye yo dwe fèt.

CHAPIT 8

Jij kowonpi yo chèche leve pèp la kont Nefi, Abraram, Moyiz, Zenòs, Zenòk, Ezyas, Ezayi, Jeremi, Leyi ak Nefi, yo tout temwaye konsènan Kris la—Pa enspirasyon, Nefi anonse, yo gen pou yo

asasinen jij anchèf la. Anviwon 23–21 ANVAN JEZIKRI.

Epi kounyeya, se te konsa, lè Nefi te fin di pawòl sa yo, te gen jij ki te fè pa ti nan bann sekrè Gadyanton an, yo te fache e yo te pouse dife kont Nefi, e pèp la di: Poukisa nou pa mete men sou nonm sa a, pote l vini pou l kapab kondane dapre krim li te fè?

2 Poukisa n ap gade nonm sa a, e n ap koute l k ap fè revòlt kont pèp sa a ak lalwa nou yo?

3 Paske gade, Nefi te pale yo konsènan koripsyon lalwa yo a; wi, Nefi te pale yo konsènan anpil bagay ki pa t kapab ekri; e li pa t di anyen ki kontrè ak kòmandman Bondye yo.

4 Epi, jij sa yo te fache kont li paske li te “pale yo klè konsènan zèv tenèb yo; men, yo pa t pran chans mete men sou li, yo te krenn pou pèp la pa rele kont yo.

5 Gade, se poutèt sa, yo rele bay pèp la, yo te di: Poukisa nou kite nonm sa a revòlte kont nou? Paske gade, li kondane tout pèp la pou destriksyon; wi, gwo vil nou yo ap sòti nan men nou pou nou pa gen plas ladan yo ankò.

6 Epi kounyeya, nou konnen bagay sa yo enposib paske nou gen pouvwa, e vil nou yo gran, se poutèt sa, ènmi yo pa kapab gen pouvwa sou nou.

7 Se te konsa, yo te sòlve pèp la nan kòlè kont Nefi, e yo te kòmanse yon chirepit nan pami yo;

24a Alma 9:16;
D&A 5:33.
b Alma 9:19.

25a Ela. 3:23.
26a Eza. 5:8–25.
b Jakòb 2:13.

29a Alma 5:45–46.
8 4a 1 Ne. 16:2–3.

paske te genyen nan pami yo ki te di: Kite nonm sa a anrepo, paske li se yon bon moun, epi bagay li di yo ap rive tout bon si nou pa repanti;

8 Wi gade, tout jijman li te temwaye yo ap vini sou nou; paske nou konnen li te temwaye nou verite konsènan inikite nou yo. Epi gade yo anpil, epi menm jan li “konnen tout bagay k ap tonbe sou nou, se konsa nou konnen inikite nou yo;

9 Wi, e gade si l pa t yon pwofèt, li pa t ap kapab temwaye kont bagay sa yo.

10 Epi, se te konsa, moun sa yo ki te vle detwi Nefi yo, te oblije pa t kapab leve men sou li poutèt yo te pè; se poutèt sa, li te kòmanse pale ak yo ankò, li te wè kèk ladan yo te tèlman an favè li, rès yo te pè.

11 Se poutèt sa, li te oblije pale plis avèk yo, li te di: Gade, frè m yo, èske nou pa t li kote Bondye bay yon nonm pouvwa, Moyiz menm, Li te ba li pouvwa pou l frape dlo “Lanmè Wouj la, e yo te tèlman separe fè de, Izrayelit yo ki te zansèt nou yo te travèse sou tè sèch epi dlo a te fèmen, epi l te anglouti lame Ejiptyen yo?

12 Epi kounyeya gade, si Bondye te bay nonm sa a yon pouvwa konsa, poukisa n ap diskite youn ak lòt pou nou kapab di li pa ban m pouvwa

pou m kapab konnen jijman k ap tonbe sou nou si nou pa repanti?

13 Men gade, non sèlman nou nye pawòl mwen yo, men tou, nou nye pawòl zansèt nou yo ak pawòl nonm sa a, Moyiz, ki te resevwa gwo pouvwa sa a; wi, pawòl li te pale konsènan Mesi a ki gen pou l vini an.

14 Wi, èske li pa t temwaye Pitit Gason Bondye a gen pou l vini? Epi, menm jan li “te leve sèpan eren an nan dezè a, se konsa moun k ap vini an gen pou l leve.

15 Epi, menm jan tout moun ki te leve tèt gade sèpan an te “viv, se konsa tout moun ki gade Pitit Gason Bondye a ak lafwa, si yo gen yon lespri kontri, y ap ^bviv, menm nan lavi etènèl.

16 Epi kounyeya gade, non sèlman Moyiz te temwaye konsènan bagay sa yo, men tou, “tout pwofèt ki sen nan tan li a jouk nan tan Abraram nan.

17 Wi, e gade “Abraram te wè li t ap vini e Abraram te chaje ak lajwa, li te rejwi.

18 Wi, e gade m ap di nou, se pa sèlman Abraram ki te konnen bagay sa yo, men, “te gen anpil moun anvan tan Abraram nan ki te gen apèl nan ^blòd Bondye a; wi, dapre lòd Pitit Gason li a; se pou pèp li a te kapab wè, anpil milye ane

8a Ela. 7:29.

11a Egz. 14:16;

1 Ne. 17:26;

Mozya 7:19;

D&A 8:2-3;

Moyiz 1:25.

14a Nonb 21:6-9;

2 Ne. 25:20;

Alma 33:19-22.

GE Jezikri—Tip
oubyen senbòl Kris.

15a 1 Ne. 17:41;

Alma 37:45-47;

3 Ne. 15:9.

b Jan 11:25.

16a Jakòb 4:4-5; 7:11.

17a Jen. 22:8-14;

Jan 8:56.

18a Alma 13:19;

D&A 84:6-16; 136:37.

b GE Prètriz Mèlkisedèk.

anvan l te vini, redanmsyon t ap vin jwenn yo.

19 Epi kounyeya, m vle nou konnen, menm depi epòk Abraham nan, te gen anpil pwofèt ki te temwaye bagay sa yo; wi, pwofèt “Zenòs te temwaye byen klè, se poutèt sa yo te touye l.

20 Epi, “Zenòk, Ezyas, ^bEzayi ak Jeremi tou, (Jeremi te menm pwofèt ki te temwaye destriksyon “Jerizalèm nan) e kounyeya, nou konnen Jerizalèm te detwi dapre pawòl Jeremi yo. O kounyeya, poukisa Pitit Gason Bondye a pa ta vini dapre jan l te pwofetize a?

21 Epi kounyeya èske n ap demantè destriksyon “Jerizalèm nan? Èske nou kapab di tout ^bpitit gason Sedesyas yo pa t mouri, eksepte “Melèk? Wi, èske nou pa wè desandan Sedesyas yo avèk nou epi moun te chase yo sòti nan peyi Jerizalèm nan? Men, sa se pa tout—

22 Yo te chase papa nou, Leyi sòti nan peyi Jerizalèm poutèt li te temwaye konsènan bagay sa yo. Nefi te temwaye konsènan bagay sa yo tou e tout zansèt nou yo tou, menm jouk kounyeya; wi, yo te temwaye konsènan Kris la k ap “vini an, yo te espere e yo te rejwi nan jou li a k ap vini an.

23 Epi gade li se Bondye, li avèk

yo e li te fè yo wè l, li te rachte yo; e yo te louwe non l poutèt sa ki gen pou fèt la.

24 Epi kounyeya, kòm nou konnen bagay sa yo, nou pa kapab nye yo san fè manti, se poutèt sa, nan bagay sa a, nou fè peche, paske nou rejte tout bagay sa yo, malgre tout prèv nou resevwa; wi, nou resevwa “tout bagay, ni bagay nan syèl ak tout bagay sou tè a ki temwaye bagay sa yo se vre.

25 Men gade, nou rejte verite a, e nou fè “rebèlyon kont Bondye nou an ki sen; menm kounyeya, tan pou nou ta ranmase ^btrezò nan syèl la, kote okenn bagay pa pouri, e kote okenn bagay sal pa kapab antre, n ap anpile kòlè sou tè pa nou, pou jou “jijman an.

26 Wi, kounyeya menm, nou mi poutèt asasina, “fònikasyon ak mekanste nou yo pou destriksyon etènèl la; wi, si nou pa repanti, l ap vini sou nou talè konsa.

27 Wi, gade kounyeya, li tou pre nou; wi, ale nan fotèy jijman an, e chèche; yo te masakre jij nou an, e li “kouche nan san l; se ^bfrè l la ki touye l, li bezwen pran fotèy jijman an.

28 Epi gade, yo tou de fè pati nan bann sekre Gadyanton te “fonde ak malen k ap chèche detwi nanm lèzòm yo.

19a Alma 34:7.

20a 1 Ne. 19:10;

3 Ne. 10:15–16.

GE Ekriti yo—
Ekriti pèdi yo.

b Eza. 53.

c 1 Ne. 5:13; 7:14.

d Jer. 26:18;

1 Ne. 1:4.

21a 2 Ne. 6:8;

Omni 1:15.

b 2 Wa 25:7;

Jer. 39:6; 52:10.

c Ezek. 17:22–23;
Ela. 6:10.

22a GE Jezikri—Pwofesi
konsènan nesans
ak lanmò Jezikri.

24a Alma 30:44;

Moyiz 6:63.

25a Mozya 2:36–38; 3:12.

b Ela. 5:8;

3 Ne. 13:19–21.

c D&A 10:20–23;
121:23–25.

26a GE Fònikasyon.

27a Ela. 9:3, 15.

b Ela. 9:6, 26–38.

28a Ela. 6:26–30.

CHAPIT 9

Mesaje yo jwenn jij anchèf la mouri nan fotèy jijman an—Yo fèmen nan prizon, epi yo lage yo apre—Pa enspirasyon, Nefi idantifye Seyantòm ki se asasen an—kèk moun aksepte Nefi kòm pwofèt yo. Anviwon 23-21 ANVAN JEZIKRI.

GADE, kounyeya, se te konsa, lè Nefi te fin pale pawòl sa yo, kèk moun ki te nan pami yo te kouri al nan fotèy jijman an; wi, te menm gen senk ki t ale e pandan yo t ap prale, yo te di antrè yo:

2 Gade kounyeya, nou pral konnen tout bon si nonm sa a se yon pwofèt epi si Bondye te kòmande l pou l pwofetize gwo bagay sa yo ban nou. Gade nou pa kwè Bondye te kòmande l; wi nou pa kwè li se yon pwofèt; men, si bagay li di konsènan jij anchèf la vre, si l mouri, lè sa a, n ap konnen li te di verite.

3 Epi, se te konsa, yo te kouri ak tout vitès, e yo t al nan fotèy jijman an; jij anchèf la te atè a e li te “kouche nan san l.

4 Epi kounyeya gade, lè yo te wè sa, yo te tèlman sezi, yo te tonbe atè; paske yo pa t kwè bagay Nefi te di konsènan jij anchèf la.

5 Men kounyeya, lè yo te wè, yo te kwè e lakrent te anvayi yo, yo te pè pou jijman Nefi te pale yo a pa t tonbe sou pèp la; se poutèt sa, yo te tranble e yo tonbe atè.

6 Kounyeya, menm lè yo te fin

asasinen jij la—frè l la te ponyade l an sekre, li te sove, e sèvitè jij la te kouri al di pèp la, se sa ki fè pèp la te rele: bare asasen!

7 Epi gade, pèp la te rasanble ansanm bò fotèy jijman an—yo te etone lè yo te wè senk moun yo ki te tonbe atè a.

8 Epi kounyeya gade, pèp la pa t konnen anyen konsènan foul moun ki te nan “jaden Nefi a; se poutèt sa, yo te di poutèt pa yo: Se moun sa yo ki te asasinen jij la, e Bondye te frape yo pou yo pa kapab kouri devan nou.

9 Epi, se te konsa, yo te pran yo, yo te mare yo e yo te jete yo nan prizon. Epi yon pwoklamasyon te fè tout kote konnen moun ki te asasinen jij la, yo te pran asasen yo, e yo te jete yo nan prizon.

10 Epi, se te konsa, nan demen, pèp la te rasanble ansanm pou yo kriye, e pou yo “jene nan antèmman jij anchèf la, moun yo te asasinen an.

11 Epi, jij yo ki te nan jaden Nefi a tou, e ki te tande pawòl li yo, te rasanble ansanm nan antèmman an.

12 Epi, se te konsa, yo t ap mande pèp la enfòmasyon, yo te di: Kote senk moun yo ki t ale pou konnen si jij anchèf la te mouri a? Epi yo te reponn: Nou pa konnen zafè senk moun nou di nou te voye yo, men, gen senk moun ki se asasen, nou jete yo nan prizon.

13 Epi, se te konsa, jij yo te mande pou yo mennen yo vini, e yo te mennen yo vini; se te senk

moun ki t ale yo; jij yo te poze yo kesyon konsènan bagay la, e senk moun yo te di jij yo tout sa yo te fè; yo te di:

14 Nou te kouri, nou t ale nan fotèy jijman an, e lè nou te wè tout bagay jan Nefi te temwaye a, nou te tèlman sezi, nou te tonbe atè; epi lè nou te gen konnesans, nou te wè nou nan prizòn.

15 Kounyeya, si se pou asasina nonm sa a, nou pa konnen ki yès ki te fè sa; sèlman nou konnen, nou te kouri ale jan nou te mande nou an, e li te mouri jan Nefi te di a.

16 Epi kounyeya, se te konsa, jij yo te esplike pèp la bagay la e yo te rele kont Nefi, yo te di: Nou konnen Nefi sa a te ranje avèk yon moun pou asasinen jij la, pou l kapab di nou sa, pou l kapab konvèti nou nan lafwa li a, pou l kapab leve tèt li tankou yon nonm fò Bondye te chwazi, tankou yon pwofèt.

17 Epi kounyeya gade, n ap detekte nonm sa a, l ap konfese fòt li a, e l ap fè nou konnen tout bon ki moun ki te asasinen jij sa a.

18 Epi, se te konsa, yo te libere senk moun jou antèman an. Men, yo te repwoche jij yo poutèt pawòl jij yo te pale kont Nefi yo, e yo te diskite avèk jij yo youn apre lòt jistan yo te konfonn jij yo.

19 Men, jij yo te fè pran Nefi, yo te mare l e yo te mennen l devan foul la. Yo te kòmanse poze l kesyon nan anpil fason pou yo

ta kapab konfonn li, epi pou yo ta akize l kòm asasen—

20 Yo te di l: Ou se konplis; ki yès moun ki te fè asasina sa a? Kounyeya di nou, aksepte fòt ou; yo te di: gade men lajan; e n ap ba w lavi si w di nou, e si w aksepte aranjman ou te fè avèk li a.

21 Men, Nefi te di yo: O, bann ^aensanse, nou ki pa sikonsi nan kè nou, e ki sa yon pèp ki gen ^bkou rèd, èske nou konnen konbyen tan Senyè Bondye nou an ap kite nou kontinye nan chemen peche nou an?

22 Nou te dwe kòmanse rele, ^akriye pou gwo destriksyon k ap ret tann nou kounyeya, si nou pa repanti.

23 Gade, nou di, m te ranje avèk yon nonm pou l asasinen Sizoram, jij anchèf nou an. Men gade, m ap di nou, m te temwaye nou pou nou te kapab konnen bagay sa a; wi, se yon temwayaj m te rann nou, pou montre nou m konnen mechanste ak abominasyon ki nan pami nou.

24 Epi, poutèt m te fè sa, nou di m te ranje avèk yon nonm pou l kapab fè sa; wi, poutèt m te montre nou yon siy, nou vle detwi lavi m.

25 Epi kounyeya gade, m ap ba nou yon lòt siy pou m wè si n ap chèche detwi m ankò.

26 Gade, m ap di nou: Ale la-kay Seyantòm, ^afrè Sizoram nan epi di l—

27 Èske Nefi, ki pretann li se pwofèt la, e ki pwofetize tout

21^a Tra. 7:51.
b GE Rebelyon.

22^a Mozya 7:24.
26^a Ela. 8:27.

malè sa yo kont pèp la te ranje ak ou pou w te asasinen Sizoram, frè w la?

28 Epi gade, l ap di w non.

29 Epi, di l: Èske w te asasinen frè w la?

30 Epi, l ap kanpe ak lakrent, e li p ap konnen kisa pou l di. L ap nye bagay sa a devan nou, epi l ap fè tankou l sezi, e l ap di nou li inosan.

31 Men gade, n ap egzamine l, e n ap jwenn san nan pwent wòb li.

32 Epi, lè nou wè bagay sa a, di l: Kotè san sa a soti? Èske nou pa konnen se san frè w la?

33 Epi, lè sa a, l ap tranble e figi l ap chanje, tankou lanmò te vini sou li.

34 Epi lè sa a, di: Poutèt ou pè, e poutèt figi w chanje, nou konnen w antò.

35 Epi, lè sa a l ap vin pi pè, e l ap di nou, li p ap plede ankò, l ap di se li ki te fè asasina sa a.

36 Epi, lè sa a, l ap di nou, mwen menm Nefi, m pa konnen anyen nan bagay sa a, eksepte si pouvwa Bondye fè m konnen l. Epi lè sa a, n ap konnen m se yon nonm onèt, e se Bondye ki voye m ba nou.

37 Epi, se te konsa, yo t ale e yo te fè jan Nefi te di yo a; epi gade pawòl li te di yo a te vre; paske, daprè pawòl li yo, Seyantòm te nye e daprè pawòl yo, li te konfese.

38 Epi, Seyantòm te vin konfime li te yon asasen tout bon an; senk moun yo te lage, e Nefi te lage tou.

39 Epi, te gen kèk nan Nefit

yo ki te kwè nan pawòl Nefi yo; e te gen kèk tou, ki te kwè poutèt temwayaj senk moun yo, paske yo te konvèti nan prizon an.

40 Epi, kounyeya, te gen kèk moun nan pami pèp la, ki te di Nefi se yon pwofèt.

41 Epi tou, te gen lòt ki te di: Gade, li se yon bondye, paske si l pa t yon bondye li pa t ap kapab konnen tout bagay sa yo. Paske gade li te di nou panse ki nan kè nou, e li te di nou anpil bagay; epi li te menm fè nou konnen tout bon, asasen jij anchèf nou an.

CHAPIT 10

Senyè a bay Nefi pouvwa sèlman—Li gen pouvwa pou l mare e pou l lage sou tè ak nan syèl—Li kòmande pèp la pou yo peri oubyen pou yo repanti—Lespri a pote l sòti nan yon foul moun ale nan yon lòt. Anviwon 21–20 ANVAN JEZIKRI.

EPI, se te konsa, yon divizyon te tèlman leve nan pami pèp la, yo te divize fè yon gwoup isit, yon gwoup lòtbò; yo t al fè wout yo, epi yo te kite Nefi poukont li pandan li te kanpe nan pami yo.

2 Epi, se te konsa, Nefi te fè wout lakay li, li t ap “medite sou bagay Senyè a te montre l yo.

3 Epi, se te konsa, pandan l t ap reflechi konsa—Li te afese anpil poutèt mechanste pèp Nefit la, zèv tenèb sekrè yo, asasina, piyay ak tout kalite

inikite yo—e, li t ap reflechi konsa nan kè l, epi li te tande yon vwa ki di l:

4 Epi, Nefi, ou beni pou bagay ou te fè yo; paske m te wè kòman w te deklare pawòl m te ba w pou pèp sa a, “san fatigue. Ou pa t pè yo, e ou pa t chèche sove ^bvi pa w, men, ou te fè ‘volonte m, e w te respekte kòmandman yo.

5 Epi kounyeya, poutèt ou te fè sa san fatigue, gade m ap beni w pou tout tan, e m ap fè w puisan nan pawòl ak nan aksyon, nan lafwa ak nan zèv; wi, tout “bagay ap fèt pou ou daprè ^bpawòl ou, paske w ‘pap mande sa ki kont volonte m.

6 Gade, ou se Nefi, e m se Bondye. Gade m deklare w bagay sa a nan prezans zanj mwen yo; w ap gen pouvwa sou pèp sa a, w ap frape tè a avèk “famin, ak lapès, ak destriksyon, daprè mechanste pèp la.

7 Gade, m ba w pouvwa; tout sa w sele sou tè a ap “sele nan syèl la, e tout sa w lage sou tè a ap lage nan syèl la, se konsa w ap gen pouvwa sou pèp sa a.

8 Epi, konsa si w di tanp sa a, l ap fann fè de bout, sa ap fèt.

9 Epi, si w di “montay sa a kraze tonbe plat, sa ap fèt.

10 Epi gade, si w di Bondye ap frape pèp sa a, sa ap rive.

11 Epi, kounyeya gade, m kòmande w pou w al deklare pèp sa a, men sa Senyè Bondye a ki

Toupuisan an di: Si yo pa repanti, y ap frape jouk rive nan “destriksyon.

12 Epi, gade kounyeya, lè Senyè a te fin pale Nefi pawòl sa yo, li te rete e li pa t ale lakay li ankò, men li te retounen al jwenn tout moun yo ki te gaye sou sifas peyi a, epi li te kòmanse deklare yo pawòl Senyè a te pale l konsènan destriksyon yo a, si yo pa repanti.

13 Kounyeya gade, malgre gwo mirak Nefi te fè, lè l te pale yo konsènan lanmò jij anchèf la, yo fè kè di e yo pa t koute pawòl Senyè yo a.

14 Se poutèt sa, Nefi te deklare yo pawòl Senyè yo a, li te di: Senyè a di, si nou pa repanti, n ap frape jouk nan destriksyon.

15 Epi, se te konsa, lè Nefi te deklare yo pawòl la, yo te kontinye fè kè di e yo pa t koute pawòl li yo; yo te revòlte kont li, epi yo te chèche mete men sou li pou yo te kapab jete l nan prizon.

16 Men gade, pouvwa Bondye te avèk li, e yo pa t kapab pran l pou yo jete l nan prizon, paske Lespri a te pran l e li te pote l sòti nan mitan yo.

17 Epi, se te konsa, Lespri a pote l sòti nan yon gwoup al nan yon lòt, pou l deklare pawòl Bondye jistan li te fin deklare yo tout pawòl la, oubyen li te voye pawòl la nan pami tout pèp la.

18 Epi, se te konsa, yo pa t vle

4a GE Dilijans.

b GE Sakrifis.

c 3 Ne. 11:11.

5a 3 Ne. 18:20;

D&A 88:63-65.

b Enòs 1:12.

c 2 Ne. 4:35;

D&A 46:30.

6a Ela. 11:4-18.

7a Mat. 16:19.

GE Sele, sèlman.

9a Mat. 17:20;

Jakòb 4:6;

Mòm. 8:24;

Etè 12:30.

11a Ela. 5:2.

koute pawòl li; e te tèlman kòmanse gen chirepit, yo te divize antre yomenm, e youn te kòmanse touye lòt ak epe.

19 Epi, se konsa swasantonzyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini.

CHAPIT 11

Nefi konvenk Senyè a pou l ranplase lagè a pa yon grangou—Anpil moun peri—Yo repanti e Nefi annwiye Senyè a pou lapli—Nefi ak Leyi resewa anpil revelasyon—Vòlè Gadyanton yo retounen nan peyi a. Anviwon 20–6 ANVAN JEZIKRI.

Epi kounyeya, se te konsa, nan swasann-douzyèm ane gouvènman jij yo, chirepit la te vin pi plis, tèlman te gen lagè nan tout peyi a nan pami tout pèp Nefi a.

2 Epi, Se te bann vòlè an “sekrè yo ki t ap mennen zèv destriksyon ak mechanste sa a. Epi lagè sa a te dire tout ane a; e nan swasann-trèzyèm ane a, li te dire tou.

3 Epi, se te konsa, nan ane sa a, Nefi te kriye nan pye Senyè a, li te di:

4 O, Senyè a, pa kite pèp sa a detwi anba epe; men, O, Senyè tan pou sa ta rive, fè “grangou leve nan peyi a pou pouse yo sonje Senyè Bondye yo a, petèt, y ap repanti e y a retounen vin jwenn ou.

5 Epi, sa te fèt konsa, dapre pawòl Nefi yo. Epi te gen yon gwo grangou nan peyi a, nan pami

tout pèp Nefi a. Epi Konsa, nan swasann-katòzyèm ane a, grangou an te kontinye, e zèv destriksyon avèk epe a te sispann, men li te vin ensipòtab avèk grangou an.

6 Epi, zèv destriksyon sa a te kontinye nan swasann-kenzyèm ane a tou. Paske tè a te modi, li te vin sèch, li pa t bay grenn nan sezon grenn; e tout tè a te modi menm an pami Lamanit yo ak nan pami Nefit yo; yo te modi, men, anpil milye ladan yo te peri nan pati ki te pi mechan nan peyi a.

7 Epi, se te konsa, pèp la te wè yo ta pral peri anba grangou an, e yo te kòmanse “sonje Senyè a, Bondye yo a, e yo te kòmanse sonje pawòl Nefi yo.

8 Epi, pèp la te kòmanse sipliyè jij anchèf ak dirijan yo, pou yo kapab di Nefi: Nou konnen w se moun Bondye, kriye nan pye Senyè Bondye nou an pou l kapab wete grangou sa a bò kote nou, pou tout “pawòl ou te pale konsènan destriksyon nou an pa akonpli.

9 Epi, se te konsa, jij yo te di Nefi pawòl pèp la te vle di l yo. Epi, lè Nefi te wè pèp la te repanti e yo te imilye tèt yo nan rad ak sak, li te kriye ankò nan pye Senyè a, li te di:

10 O, Senyè a, men pèp sa a repanti; yo te bale bann Gadyanton an nan pami yo jistan l efase, epi yo te antere plan sekrè yo anba tè.

11 Kounyeya, O, Senyè pou-tèt imilite yo, wete kòlè w la, e

kite kòlè w la pase nan destriksyon mechan sa yo w te deja detwi a.

12 O, Senyè, wete kòlè w la, wi, kòlè ensipòtab w a, epi fè grangou sa a sispann nan peyi sa a.

13 O, Senyè, koute m non, kite sa fèt dapre pawòl mwen yo, voye "lapli sou sifas tè a, pou l kapab fè fwi ak grenn nan sezon grenn.

14 O, Senyè, ou te tande "pawòl mwen yo, lè m te di konsa, voye famin pou destriksyon anba epe yo te kapab sispann; e m konnen, kounyeya menm w ap koute pawòl mwen yo; paske ou te di konsa: si pèp sa a repanti, m ap epaye yo.

15 Wi, O Senyè, ou wè yo repanti poutèt grangou, ak lapès, ak destriksyon ki te tonbe sou yo.

16 Epi, kounyeya, O Senyè èske w ap wete kòlè w la, e èske w ap eseye ankò si yo sèvi w? Si w ap fè sa, O Senyè, ou mèt beni yo dapre pawòl ou te di yo.

17 Epi, se te konsa, nan swasann-sizyèm ane a, Senyè a te wete kòlè l sou pèp la, li te fè "lapli tonbe sou tè a, e tè a te pote fwi nan sezon fwi. Epi, se te konsa, li te pote grenn nan sezon grenn.

18 Epi, gade pèp la te rejwi, yo te glorifye Bondye, e tout kwen peyi a te chaje avèk rejwisans; yo pa t chèche detwi Nefi ankò, men yo te estime l kòm yon "gwo pwofèt, yon moun Bondye

ki gen pouvwa ak otorite Bondye ba li.

19 Epi, gade, frè l la, Leyi "pa t lwen dèyè l menm yon tikras nan zafè lajistis.

20 Epi, konsa pèp Nefi a te kòmanse pwospere nan peyi a ankò, yo te kòmanse bati nan espas vid yo, e yo te kòmanse militipliye, e yo te kòmanse gaye jistan yo te kouvri tout peyi a, depi nan nò jouk nan sid, depi nan lanmè lwès jouk nan lanmè lès.

21 Epi, se te konsa, swasann-sèzyèm ane a te fini nan lapè, "legliz la te gaye nan tout peyi a, e plis nan pèp la, ni Nefit yo, ak Lamanit yo te manm legliz la; yo te gen anpil lapè nan peyi a, e konsa swasann-disetyèm ane a te fini.

22 Epi, yo te gen lapè nan swasann-disetyèm ane a tou, eksepte kèk chirepit konsèn doktrin pwofèt yo te bay la.

23 Epi, nan swasann dizivyèm ane a, te kòmanse gen anpil diskisyon. Men, se te konsa, Nefi, Leyi, ak anpil nan frè yo ki te konnen bon pwen doktrin yo, yo te gen anpil "revelasyon chak jou, se poutèt sa, yo te tèlman preche pèp la, yo te sispann diskisyon yo nan menm ane sa a.

24 Epi, se te konsa, nan katrentyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a, te gen kèk gwoup rebèl nan pami pèp Nefi a ki t al jwenn Lamanit yo kèk ane pase, e yo te rele tèt yo

13a 1 Wa 18:1, 41-46.

14a Ela. 11:4.

17a Det. 11:13-17.

18a Ela. 10:5-11.

19a Ela. 5:36-44.

21a GE Legliz Jezikri.

23a Alma 26:22;

D&A 107:19.

Lamanit; te gen kèk ki te desandan dirèk Lamanit yo tou, yo te pouse yo fè kòlè, oubyen rebèl Nefit yo te pouse yo fè nan kòlè, se poutèt sa yo te kòmanse lagè avèk frè yo.

25 Epi, yo te fè asasina ak piyay, e yo t al kache nan montay yo, nan dezè yo ak kote sekre yo; yo t al kache pou moun pa dekouvri yo, chak jou yo te resevwa lòt moun pou ogmante kantite yo, epi te gen rebèl ki t al jwenn yo.

26 Epi, apre yon ti tan, menm nan yon ti kras tan, yo te vin tounen yon gwo bann vòlè; yo te chèche konnen tout plan sekre Gadyanton yo, e konsa, yo te vin tounen vòlè Gadyanton yo.

27 Kounyeya gade, vòlè sa yo te fè anpil ravaj, menm anpil destriksyon nan pami pèp Nefi a ak pèp Lamanit la.

28 Epi, se te konsa, li te nesese pou te gen yon fen nan zèv destriksyon sa a; se poutèt sa yo te voye yon lame gason vanyan nan dezè a ak sou mòn yo pou chèche bann vòlè yo, e pou detwi yo.

29 Men, gade, se te konsa, nan menm ane sa a, yo te pouse yo tounen menm nan pwòp tè pa yo, e konsa katrevyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini.

30 Epi, se te konsa, nan kòmansman katreven-inyèm ane a, yo te mache kont bann vòlè yo ankò; yo te detwi anpil ladan yo, e anpil destriksyon te vizite yo tou.

31 Epi, yo te oblije kite dezè yo

ak montay yo ankò pou yo retounen nan peyi pa yo poutèt anpil vòlè ki te anvayi montay yo ak dezè yo.

32 Epi, se te konsa ane sa a te fini. Epi vòlè yo te vin pi plis, e yo te tèlman vin fò yo te bat tout lame Nefit yo ak Lamanit yo, epi yo te fè yon gwo krent anvayi pèp yo ki te nan tout peyi a.

33 Wi, yo te vizite anpil pati nan peyi a e yo te mete gwo destriksyon sou yo; wi, yo te touye anpil, epi yo te mennen anpil lòt fè prizonye nan dezè a, wi, espesyalman madanm ak pitit yo.

34 Kounyeya, gwo malè sa a ki te tonbe sou pèp la poutèt inikite yo te fè yo sonje Senyè Bondye yo a.

35 Epi, konsa katreven-inyèm ane gouvènman jij yo te fini.

36 Epi, nan katreven-dezyèm ane a, yo te kòmanse “bliye Senyè Bondye yo a ankò. Epi nan katreven-twazyèm ane a, yo te kòmanse vin fon nan inikite. Nan katreven-katriyèm ane a, yo pa t chanje chemen.

37 Epi, se te konsa, nan katreven-senkyèm ane a yo te vin pi fò nan lògèy ak mechanste; e konsa, yo te vin mi pou destriksyon.

38 Se konsa katreven-senkyèm ane a te fini.

CHAPIT 12

Lèzòm san pozisyon fiks, yo sòt epi yo prese pou fè mal—Senyè a chatye pèp Li—Nilite lèzòm

*konpare avèk pouvwa Bondye—
Nan jou jijman an, lèzòm pral
resewa lavi etènèl oubyen konda-
nasyon etènèl. Anviwon 6 ANVAN
JEZIKRI.*

EPI, nou kapab wè kijan kè pitit lèzòm yo vid e chanjan; wi, nou kapab wè Senyè a beni e fè li ^apwospere moun ki mete ^bkonfyans yo nan li, akoz gran bonte enfini li a.

2 Wi, e nou pa nan wè menm lè li fè pèp li a pwospere nan jaden yo, ak twoupo bèt yo, ak nan lò, nan lajan ak tout kalite bagay ki koute chè ak atizana yo, lè l pwoteje lavi yo ak delivre yo anba men ènmi yo; nan touche kè ènmi yo pou yo pa deklare yo lagè, wi, pou m fini, nan fè tout bagay pou byen ak bonè pèp li a, wi, lè sa a, yo ^afè kè di, yo bliye Senyè Bondye yo a, yo ^bpilonnen moun ki Sen an anba pye—wi, e poutèt yo alèz nan anpil pwosperite yo.

3 Epi, konsa, nou wè si Senyè a pa ^achatye pèp li anba anpil afliksyon, wi, si l pa vizite yo avèk lanmò, ak lakrent, ak gran-gou, e ak tout kalite lapès, yo p ap ^bsonje l.

4 O, gade kijan pitit lèzòm sòt, san valè, mechan, dyabolik; yo ^aprese pou yo fè inikite, yo lan pou yo fè sa ki bon; wi, gade

kijan yo prese pou yo koute pa-wòl malen an, e pou yo mete ^blide yo sou bagay san valè mond lan!

5 Wi, ala preseyo prese, pou yo anfle ak ^alògèy; wi, yo prese pou yo fè lwanj, epi pou yo fè tout kalite sa ki se inikite; yo lan pou yo sonje Senyè Bondye yo a, pou yo koute konsèy li, wi, gade ki jan yo lan pou yo ^bmache nan chemen lasajès!

6 Gade, yo pa vle pou Senyè Bondye ki te ^akreye yo a ^bgouvènè yo epi pou l renye sou yo; malgre pakèt bonte ak mizèrikòd li genyen pou yo, yo pa pran konsèy li yo pou anyen e yo pa vle l gide yo.

7 O, lèzòm ^apa anyen ditou; wi, yo menm mwens pase pou-syè tè a.

8 Paske gade, pou-syè tè a de-plase isit, lòtbò, pou l divize kò l daprè kòmandman gwo Bondye etènèl nou an.

9 Wi, gade avèk vwa li, kolin yo ak montay yo tranble e yo ^asouke.

10 Epi, avèk ^apouvwa pawòl li yo kraze e yo vin plat, wi, menm jan avèk yon vale.

11 Wi, avèk pouvwa vwa l, ^atout tè a souke;

12 Wi, avèk pouvwa pawòl li, fondasyon yo balanse, menm nan pwen santral yo.

12 1a 2 Kwo. 26:5;
Sòm 1:2-3.
b Sòm 36:7-8;
2 Ne. 22:2;
Mozya 4:6.
GE Konfyans, konfyè.
2a GE Apostazi.
b Alma 5:53;
3 Ne. 28:35.

3a Mozya 23:21;
D&A 98:21; 101:8.
b Amòs 4:6-11.
4a Egz. 32:8.
b Mat. 15:19; Ebre 3:12.
5a Pwov. 29:23.
GE Lògèy.
b GE Mache, mache
avèk Bondye.

6a Eza. 45:9; D&A 58:30;
Moyiz 7:32-33.
b D&A 60:4.
7a Eza. 40:15, 17;
Mozya 4:19;
Moyiz 1:10.
9a 3 Ne. 22:10.
10a 1 Ne. 17:46.
11a Mòm. 5:23; Etè 4:9.

13 Wi, e si l di tè a—deplase,—li deplase.

14 Wi, si l di “tè a—^bretounen dèyè pou w ‘pwolonje jounen an, pou ajoute plis tan nan jounen an—sa fèt;

15 Epi konsa, dapre pawòl li, tè a tounen dèyè, e pou lèzòm, se tankou solèy la rete yon sèl plas; wi, e se sa ki pase; paske se tè a ki vire, se pa solèy la.

16 Epi gade, si l di “dlo ki nan pwofondè lanmè a—^bSeche—sa ap fèt.

17 Gade, si l di montay sa a—“Leve vin tonbe sou vil sa a pou l kapab antere—gade sa ap fèt.

18 Epi, gade si yon moun “kache yon trezò anba tè, epi Senyè a di—Se pou l ^bmodi poutèt inikite moun ki cache l la—gade, l ap modi.

19 Epi, si Senyè a di—Modi pou okenn moun pa jwenn ou depi kounyeya, pou tout tan—okenn moun p ap janm jwenn li depi kounyeya, pou tout tan.

20 Si Senyè a di yon nonm—Poutèt inikite w, w ap modi pou tout tan—sa ap fèt.

21 Epi, si Senyè a di—Poutèt inikite w, m ap retranche w nan prezans mwen—l ap fè sa rive.

22 Epi, malè pou moun li di sa, paske se moun ki fè inikite li di sa, e moun sa pa kapab sove; se poutèt sa, repantans preche pou moun kapab sove.

23 Se poutèt sa, moun ki re-

panti e ki koute vwa Senyè Bondye yo a, yo beni; paske se moun sa yo k ap ^asove.

24 Epi, se pou Bondye, nan tout puisans li, fè lèzòm vini repanti epi vin pratike zèv pou yo kapab resevwa gras sou “gras, dapre zèv yo.

25 Epi, m ta vle pou tout moun ka sove: men ekriti yo di konsa, dènye ak nan jou a, gen moun y ap chase, wi, Senyè a ap retranche yo nan prezans li.

26 Wi, y ap kondane nan yon eta mizerab ki san fen, pou yo akonpli pawòl yo ki di: Moun ki te fè byen ap gen ^alavi etènèl, epi moun ki te fè mal ap gen ^bkondanasyon etènèl. Se konsa sa ye. Amèn.

Pwofesi Samyèl, Lamanit la pou Nefit yo.

Depi nan chapit 13 jouk nan finisman chapit 15.

CHAPIT 13

Samyèl, Lamanit la pwofetize destriksyon Nefit yo si yo pa repanti—Yo modi ak tout richès yo—Yo rejte epi yo lapide pwofèt yo, yo antoure ak demon, e y ap chèche bonè nan fè peche. Anviwon 6 ANVAN JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, nan katreven-sizyèm ane a, Nefit yo te toujou rete nan mechanste,

14a Joz. 10:12–14.

b Eza. 38:7–8.

c 2 Wa 20:8–11.

16a Mat. 8:27.

b Eza. 44:27; 51:10.

17a 3 Ne. 8:10.

18a Mòm. 1:18;

Etè 14:1.

b Ela. 13:17.

23a GE Sali.

24a GE Gras.

26a Mat. 25:46;

Jan 5:28–29;

Wom. 6:13.

b GE Danasyon, dane.

pandan "Lamanit yo t ap eseye respekte kòmandman Bondye yo fèm, dapre lalwa Moyiz yo.

2 Epi, se te konsa, nan ane sa a te gen yon nonm ki te rele Samyèl, yon Lamanit ki te vini nan peyi Zarayemla a, e li te kòmanse preche pèp la. Epi, se te konsa, li te preche pèp la repantans pandan anpil jou, yo te chase l, e li ta pral tounen nan peyi l.

3 Men gade, vwa Senyè a te di l konsa pou l retounen pwofetize pèp la nenpòt bagay ki te vin nan "kè l.

4 Epi, se te konsa, yo pa t vle l antre nan vil la; se poutèt sa, li t al monte sou kloti a, li te lonje men li, li te rele fò e li te pwofetize pèp la nenpòt bagay Senyè a te mete sou kè l.

5 Epi li te di yo: Mwen menm Samyèl, yon Lamanit, m ap pale pawòl Senyè a mete sou kè m e gade; li te mete sou kè m pou m di pèp sa a "epe lajistis la pandye sou tèt yo, e katsan ane p ap pase san epe lajistis la pa tonbe sou tèt pèp sa a.

6 Wi, gwo "destriksyon ap retann pèp sa a, epi anyen p ap kapab sove l, eksepte repantans ak lafwa nan Senyè Jezikri a, ki gen pou l vini nan mond sa a tout bon, li gen pou l soufri anpil, e l ap mouri pou pèp li a.

7 Epi gade, yon "zanj Senyè a te fè m deklarasyon sa a, e li te anonse nanm mwen ^bbòn nouvell

la. Senyè a te voye m vin fè nou deklarasyon sa a tou pou nou kapab kontan; men gade nou pa t resevwa m.

8 Se poutèt sa, Senyè a di: Poutèt kè di pèp Nefit la, si yo pa repanti, m ap wete pawòl mwen nan pami yo, m ap "wete Lespri m nan pami yo, m p ap aksepte yo ankò, e m ap pouse kè frè yo kont yo.

9 Epi, "katsan ane p ap pase anvan m frape yo; wi, m ap vizite yo avèk epe, avèk famin, e avèk lapès.

10 Wi, m ap vizite yo nan move kòlè m, e genyen nan "katriyèm jenerasyon enmi nou yo k ap vivan pou yo wè tout destriksyon nou; Senyè sa ap rive kanmèm si nou pa repanti, e moun ki nan katriyèm jenerasyon yo pral lakòz destriksyon nou an.

11 Men Senyè a di, si nou repanti epi si nou "retounen vin jwenn Senyè Bondye nou an, m ap wete kòlè m sou nou; wi, Senyè a di, moun ki repanti e ki retounen vin jwenn mwen, y ap beni, men, malè pou moun ki pa repanti.

12 Senyè a di konsa, wi, "malè pou gran vil Zarayemla sa a, paske gade se poutèt moun ki jis yo li sove; Senyè a di konsa, wi, malè pou gran vil sa a; paske m sispèk gen anpil, wi, menm plis moun nan gran vil sa a ki pral fè kè yo di kont mwen.

13 Men, moun ki repanti ap

13 1a Ela. 15:4-5.

3a D&A 100:5.

5a Alma 60:29;

3 Ne. 2:19.

6a Alma 45:10-14;

Ela. 15:17.

7a Alma 13:26.

b Eza. 52:7.

8a Ela. 6:35.

9a Alma 45:10-12.

10a 1 Ne. 12:12;

2 Ne. 26:9;

3 Ne. 27:32.

11a 3 Ne. 10:5-7.

12a 3 Ne. 8:8, 24; 9:3.

beni, paske m ap epaye yo. Men gade, si se pa t pou moun ki jis yo ki nan gran vil sa a, m t ap fè “dife desann sòti nan syèl la pou detwi l.

14 Men gade, li pwoteje poutèt moun ki jis yo. Epi, Senyè a di konsa, gen yon tan k ap vini, lè nou chase moun ki jis yo nan pami nou, lè sa a, n ap mi pou destriksyon; wi, malè pou gran vil sa a poutèt mechanste ak abominasyon ki ladan l.

15 Wi, epi malè pou vil Jedeon an poutèt mechanste ak abominasyon ki ladan l.

16 Wi, epi malè pou tout vil ki toupou tou nan peyi a, vil ki pou Nefit yo, poutèt mechanste ak abominasyon ki ladan yo.

17 Epi, gade Senyè tout Lame yo di konsa, yon “malediksyon ap tonbe sou tè a poutèt pèp ki nan peyi a; wi, poutèt mechanste ak abominasyon yo.

18 Epi, se te konsa, Senyè tout Lame yo, wi, gwo Bondye tout bon nou an di konsa, nenpòt moun ki “kache trezò anba tè a, yo p ap jwenn yo ankò poutèt gwo malediksyon ki nan peyi a, eksepte yon nonm ki jis ki kache trezò l nan Senyè a.

19 Senyè a di konsa, paske, m ap fè yo kache trezò yo nan mwen, e malè pou moun ki pa kache trezò yo nan mwen; paske, pa gen moun ki kache trezò yo nan mwen, eksepte moun jis yo; e moun ki pa kache

trezò l nan mwen, l ap modi ak trezò li a, epi pa gen moun ki kapab rachte li poutèt malediksyon peyi a.

20 Epi, gen yon jou k ap vini, y ap kache trezò yo, paske yo mete lide yo sou richès; e poutèt yo mete lide yo sou richès yo, e y ap kache trezò yo lè y ap kouri devan ènmi yo; poutèt yo p ap kache yo nan mwen, y ap modi ak trezò yo, epi nan jou sa a, y ap frape; se sa Senyè a di.

21 Gade, nou menm pèp nan gran vil la, “koutè pawòl mwen yo; wi, koutè pawòl Senyè a pale nou; paske li di konsa, nou modi poutèt richès nou yo, epi tou, richès nou yo modi paske nou mete lide nou sou yo, e nou pa koutè pawòl moun nan ki te ba nou yo a.

22 Nou pa sonje Senyè Bondye nou an nan benediksyon yo li te ba nou, men, nou toujou sonje “richès nou yo, se pa pou nou remèsye Senyè Bondye nou an pou yo; wi, kè nou pa panche sou Senyè a, men, yo anfle avèk anpil ^blògèy, nou fè lwanj pou tè pa nou, nou anfle avèk ^canvi, diskisyon, movèzte, pèsekisyon, asasina ak tout kalite inikite.

23 Se poutèt sa, Senyè Bondye a te fè yon malediksyon tonbe sou peyi a, ak richès nou yo, poutèt inikite nou yo.

24 Wi, malè pou pèp sa a poutèt tan sa a ki rive, lè nou “chase pwofèt yo, nou moke yo, nou

13a Jen. 19:24;
2 Wa 1:9–16;
3 Ne. 9:11.
17a Ela. 12:18.
18a Mòm. 1:18;

Etè 14:1.
21a GE Koutè.
22a Lik 12:34.
GE Mondanite;
Richès.

^b GE Lògèy.
^c GE Anvi.
24a 2 Kwo. 36:15–16;
1 Ne. 1:20.

lapide yo ak kout wòch, e nou fè yo tout kalite inikite, menm jan moun lontan yo te konn fè a.

25 Epi, kounyeya, lè n ap pale, nou di: Si nou te viv nan menm epòk avèk “zansèt nou yo, nou pa t ap touye pwofèt yo; nou pa t ap lapide yo avèk kout wòch; nou pa t ap chase yo.

26 Men gade, nou pi mal pase yo; paske menm jan Senyè a vivan an, si yon “pwofèt vini nan pami nou pou deklare nou pawòl Senyè a, ki temwaye peche ak inikite nou yo, nou ^bfache kont li, nou chase l, e nou chèche tout kalite mwayen pou nou detwi l; wi, nou gen pou nou di li se yon fo “pwofèt, li se yon pechè, se dyab la ki voye l, poutèt li “temwaye pou fè konnen zèv nou yo pa bon.

27 Men gade, si yon nonm vini nan pami nou e li di: Fè sa, se pa inikite, fè sa nou p ap soufri; wi, si l di: Mache daprè lògèy ki nan kè nou, wi, mache daprè lògèy tèt pa nou, e fè nenpòt sa kè nou vle—Si yon nonm vini nan pami nou e li di sa, n ap resevwa l, e n ap di li se yon “pwofèt.

28 Wi, n ap leve l anlè, e n ap ba li nan pwovizyon nou yo; n ap ba li nan lò ak lajan nou yo, n ap abiye l avèk rad ki koute chè; e paske li pale pawòl pou “flate nou, e li di tout bagay byen, poutèt sa, nou p ap jwenn onkenn fòt nan li.

29 O, nou menm, jenerasyon mechan, kòwonpi; nou menm pèp ki gen kè di ak kou rèd, konbyen tan nou panse Senyè a ap aksepte nou? Wi, konbyen tan n ap kite gid “ensanse, ki ^bavèg sa yo mennen nou? Wi, pou konbyen tan n ap “chwazi tenèb nan plas ^dlimiyè?

30 Wi, gade, kòlè Senyè a deja limen kont nou; gade li modi tè a poutèt inikite nou yo.

31 Epi, gade gen yon tan k ap vini, l ap modi richès nou yo, y ap vin “glise pou nou pa kapab kenbe yo; e nan jou mizerab nou yo nou p ap kapab kenbe yo.

32 Epi, nan jou mizerab nou yo, n ap kriye nan pye Senyè a; n ap kriye anven, paske dezolasyon ap deja tonbe sou nou, destriksyon n ap deja pare, lè sa a, n ap rele, epi n ap kriye nan jou sa a; se sa Senyè tout Lame a di. Lè sa a, n ap kriye e n ap di:

33 O, “pito m te repanti, pito m pa t touye pwofèt yo, ni ^blapide yo ak kout wòch, ni chase yo. Wi, jou sa a n ap di: O, pito nou te sonje Senyè Bondye nou an nan epòk li te ban nou richès nou yo, lè sa a, yo pa ta vin glise pou nou ta pèdi yo; paske, richès nou yo sove kite nou.

34 Gade, nou mete yon zouti la, e nan demen, nou pa wè l; e zam nou yo sòti nan men nou, jou n ap chèche yo pou nou goumen.

25a Tra. 7:51.

26a 2 Kwo. 18:7; Lik 16:31.

b Eza. 30:9–10.

c Mat. 13:57.

d Gal. 4:16.

27a Miche 2:11.

GE Fo prèt.

28a 2 Tim. 4:3–4.

29a 2 Ne. 28:9.

b Mat. 15:14.

c Jan 3:19.

d Jòb 24:13.

31a Mòm. 1:17–18.

33a Mòm. 2:10–15.

b Mat. 23:37.

35 Wi, nou kache trezò nou yo, epi yo glise sove poutèt malediksyon ki nan peyi a.

36 O, pito nou te repanti nan jou pawòl Senyè a te vin jwenn nou an; paske tè a modi, tout bagay vin glise, e nou pa kapab kenbe yo.

37 Gade, Nou antoure avèk demon, wi, nou ansèkle avèk zanj nonm sa a ki vle detwi nanm nou an. Gade inikite nou yo anpil. O, Senyè a, èske w pa kapab wete kòlè w sou nou? Se konsa n ap pale nan jou sa yo.

38 Men gade, “jou eprèv nou yo pase; nou te ^branvwaye jou pou nou ta sove a, jistan li vin twò ta pou tout tan, e destriksyon nou ap fèt kanmèm; wi, paske, pou tout lavi nou, nou te chèche sa nou pa kapab jwenn; nou te chèche ^cbonè nan fè inikite, nan fè bagay ki kontrè avèk nati lajistis ki nan gwo chèf etènèl nou an.

39 O, menm pèp peyi a, tandè pawòl mwen yo! M priye pou kòlè Senyè a sòti sou, pou nou repanti e pou nou sove.

CHAPIT 14

Samyèl predi limyè pandan nuit la ak yon nouvo zetwal lè nesans Kris la—Kris la rachte lèzòm anba lanmò chanèl ak lanmò espi-tyèl—Ap gen twa jou fènwa kòm siy lanmò Li, wòch yo ap fann epi nati a ap chanje anpil. Anviwon 6 ANVAN JEZIKRI.

Epi kounyeya, se te konsa, “Samyèl, Lamanit la te pwofetize anpil lòt bagay ki pa t kapab ekri.

2 Epi gade, li te di yo: M ap ba nou yon siy; nan senk ane ankò, Pitit Gason Bondye a pral vini pou l rachte tout moun ki kwè nan non l.

3 Epi gade, se sa m ap ba nou kòm yon “siy nan lè l ap vini an; paske gade ap gen gwo limyè nan syèl la; nan nuit anvan l vini an, p ap gen fènwa, pou lèzòm, l ap sanble ak lajou-nou.

4 Men, pral gen yon jou, e yon nuit ak yon jou, tankou se te yon sèl jou epi p ap gen nuit; sa ap sèvi nou yon siy; paske n ap konnen lè solèy la leve ak lè l kouche; se poutèt sa, y ap konnen tout bon ap gen yon jou ak yon nuit; men, nuit la p ap fènwa epi se ap nuit anvan l “fèt la.

5 Epi gade, yon nouvo “zetwal pral leve, yon zetwal nou pa t janm wè anvan; se ap yon siy pou nou tou.

6 Epi gade, Se pa tout la sa, ap gen anpil siy ak gwo bagay nan syèl la.

7 Epi, se pral konsa, nou tout ap sezi e n ap tèlman etone, n ap “tonbe atè.

8 Epi, tout moun yo ki “kwè nan Pitit Gason Bondye a, y ap gen lavi pou tout tan.

9 Epi gade, se sa Senyè a te kòmande m pa mwayen zanj

38a Mòm. 2:15.
b Alma 34:33–34.
c Alma 41:10–11.
14 1a Ela. 13:2.

3a 3 Ne. 1:15.
4a GE Jezikri—Pwofesi konsènan nesans ak lanmò Jezikri.

5a Mat. 2:1–2;
3 Ne. 1:21.
7a 3 Ne. 1:16–17.
8a Jan 3:16.

li a, pou m vin di nou; wi, li te kòmande pou m pwofetize nou bagay sa yo; wi, li te di m: Rele nan zòrèy pèp sa a, repanti e pare chemen Senyè a.

10 Epi, kounyeya, poutèt m se yon Lamanit e m pale nou pawòl Senyè a te kòmande m, e poutèt sa te blese nou, nou fache kont mwen e n ap chèche detwi m e nou “chase m nan pami nou.

11 Epi, nou pral tande pawòl mwen yo, paske se pou rezon sa a m monte sou kloti vil sa a, pou nou kapab tande e pou nou kapab konnen jijman Bondye k ap rete tann nou poutèt inikite nou yo, epi tou pou nou kapab konnen kondisyon repantans yo;

12 Epi, pou nou kapab enfòmè sou vini Jezikri, Pitit Gason Bondye a, “Papa syèl la ak tè a, Kreyatè tout bagay depi nan kòmansman, pou nou kapab konnen siy vini li an, nan entansyon pou nou kwè nan non l.

13 Epi, si nou “kwè nan non l, n ap repanti nan tout peche nou yo, pou nou kapab gen remisyon peche nou yo pa mwayen ^bmerit li a.

14 Epi gade, ankò, m ap ba nou yon lòt siy, wi, yon siy konsènan lanmò l.

15 Paske gade, l ap mouri kamèm pou “sali kapab vini; wi,

sa konv nab pou li e se nesèsè pou l mouri, pou l kapab reyalize ^brezirèksyon mò yo, pou lèzòm kapab vini nan prezans Senyè a.

16 Wi gade, lanmò sa a reyalize rezirèksyon an, e li “rachte tout moun anba premye lanmò a— Lanmò espiyitèl la; paske tout limanite, poutèt ^bchit a Adan an, Senyè a te ‘rejte yo sòti nan prezans li, e se kòm si yo te ^dmouri ni nan bagay tanporèl ak ni nan bagay espiyitèl.

17 Men gade, rezirèksyon Kris la rachte “limanite, wi, tout limanite menm, epi li mennen yo tounen nan prezans Senyè a.

18 Wi, e li reyalize kondisyon repantans la pou nenpòt moun ki repanti kapab pa koupe jete nan dife; men, nenpòt moun ki pa repanti pral koupe jete nan dife; epi lanmò espiyitèl la ap vini sou yo ankò, wi, yon dezyèm lanmò, paske yo separe ankò ak bagay ki gen rapò ak lajistis.

19 Se poutèt sa, repanti, repanti, pou lè nou konnen bagay sa yo e nou pa aplike yo, pou nou pa mete tèt nou nan kondanasyon, e pou nou pa desann nan dezyèm lanmò sa a.

20 Men gade, jan m te di nou konsènan “lòt siy nan, siy lanmò li a, jou l mouri a, solèy la pral ^bfènwa, e l ap refize ba nou limyè li; lalin nan ak

10a Ela. 13:2.

12a Mozya 3:8;

3 Ne. 9:15;

Ètè 4:7.

GE Jezikri.

13a Tra. 16:30–31.

b D&A 19:16–20.

15a GE Sovè.

b Alma 42:23.

GE Rezirèksyon.

16a GE Plan redanmsyon.

b GE Chit Adan ak Èv.

c Alma 42:6–9.

d GE Lanmò espiyitèl.

17a GE Redanmtè,

restablisman,

redanmsyon.

20a 3 Ne. 8:5–25.

b Lik 23:44.

zetwal yo tou; p ap gen limyè sou sifas tè sa a, depi lè l mouri a, pou ‘twa jou, jouk lè l leve nan pami mò yo.

21 Wi, nan moman li rann les-pri a, ap gen ‘loray ak zeklè pou anpil tan, tè a pral souke, l ap tranble; e wòch yo ki sou sifas tè sa a, ki ni anlè ak ni anba, e nou wè ki solid kounyeya, oubyen plis ladan l se yon mas solid, y ap ^bkraze;

22 Wi, yo pral fann fè de bout, e depi lè sa a, moun pral ‘wè yo gen fant ak krak, y ap yon bann mòso sou tout tè a, wi, ni sou tè a, ak anba tè a.

23 Epi gade, pral gen gwo tanpèt, anpil montay pral fè bafon tankou vale, gen anpil kote ki rele vale kounyeya, k ap vin rele montay, y ap wo anpil.

24 Epi, anpil gwo wout pral kraze e anpil ‘vil pral vin vid.

25 Epi, anpil ‘tonb pral louvri bay anpil mò sòti, e anpil sen pral fè anpil moun wè yo.

26 Epi gade, se konsa ‘zanj la te pale m; li te di m pral gen loray ak zeklè pou anpil tan.

27 Epi, li te di m pandan loray ak zeklè ak tanpèt yo, bagay sa yo gen pou yo rive, ‘fènwa pral kouvri sifas tout tè a pou twa jou.

28 Epi, zanj la te di m konsa, gen anpil moun ki pral wè pi gwo bagay pase sa a, pou yo kapab ‘kwè siy ak mèvèy sa yo

fèt nan tout peyi sa a, pou kapab pa gen rezon pou enkre-dilite nan pami pitit lèzòm yo—

29 Epi, pou moun ki kwè yo kapab sove, epi tout moun ki pa kwè, yon ‘jijman ki jis ap tonbe sou yo; e si yo kondane, yo rale kondanasyon sou tèt yo.

30 Epi, kounyeya, sonje, sonje frè m yo, nenpòt moun ki peri, li peri pou tèt pa l, e nenpòt moun ki fè inikite, li fè l pou tèt pa l, paske nou ‘lib; nou gen pèmi-syon pou nou aji pou tèt pa nou; paske Bondye ba nou yon ^bkonesans e li fè nou lib.

31 Li kite nou ‘konnen byen ak mal, li kite nou ^bchwazi lavi oubyen lanmò; nou kapab fè byen pou nou kapab jwenn sa ki bon, oubyen pou nou kapab ‘restore nan sa ki byen; oubyen nou kapab fè mal pou nou kapab restore avèk sa ki pa bon.

CHAPIT 15

Senyè a chatye Nefit yo paske Li renmen yo—Lamaniit konvèti yo vin fèm epi yo mache dwat nan lafwa—Senyè a ap gen mizèrikòd pou Lamaniit yo nan dènye jou yo. Anviwon 6 ANVAN JEZIKRI.

EPI, kounyeya, frè byenneme mwen yo, m deklare nou, si nou pa repanti kay nou yo ap rete ‘vid.

2 Wi, si nou pa repanti madanm

20c Mozya 3:10.

21a 3 Ne. 8:6.

b 3 Ne. 10:9.

22a 3 Ne. 8:18.

24a 3 Ne. 9:3–12.

25a Mat. 27:50–54;

3 Ne. 23:9–11.

26a Alma 13:26.

27a 1 Ne. 19:10;

3 Ne. 8:3.

28a 1 Ne. 12:4–5.

29a GE Jijman, Dènye a.

30a 2 Ne. 2:26–29;

Moyiz 6:56.

GE Lib abit.

b GE Konesans.

31a Mowo. 7:16.

b 2 Ne. 2:28–29;

Alma 3:26–27.

c Alma 41:3–5.

15 1a Mat. 23:37–38.

nou ap gen bon rezon pou yo plenyen lè y ap bay pitit yo tete, paske, n ap chèche kouri, e p ap gen kote pou nou kache; wi, malè pou moun ki “ansent, paske y ap lou, yo p ap kapab kouri, se poutèt sa, moun ap pilonnen yo e y ap ret peri.

3 Wi, malè pou pèp sa a ki rele pèp Nefi a, si yo pa repanti lè yo wè tout siy ak mèvèy sa yo Bondye gen pou l montre yo; paske gade se yon pèp Senyè a te chwazi; wi, li te renmen pèp Nefi a e li te “chatye yo; wi li te chatye yo nan jou inikite yo paske li renmen yo.

4 Men gade, frè m yo, li te rayi Lamanit yo paske zèv yo te move nèt ale poutèt inikite “tradisyon zansèt yo men gade, yo vin sove poutèt predikasyon Nefit yo, e se poutèt sa Senyè a ^bpwolonje lavi yo.

5 Epi, m ta renmen nou wè, “majorite ladan yo ap mache nan chemen devwa yo; y ap mache nan lòd devan Bondye, yo eseye respekte kòmandman li yo ak regleman li yo ak jijman li yo dapre lalwa Moyiz la.

6 Wi, m ap di nou konsa, majorite ladan yo fè sa, e y ap fè efò ak dilijans, san yo pa fatige, pou yo kapab mennen rès frè yo nan konesans verite a; se poutèt sa, gen anpil ki ajoute sou kantite yo te ye a chak jou.

7 Epi gade, nou konnen pou

tèt pa nou, paske nou se temwen, nou konnen tout kantite ladan yo ki vin gen konesans verite a, e ki vin konnen konsènan move tradisyon abominab zansèt yo, ki vin kwè nan ekriti ki sen yo; wi, pwofesi pwofèt ki sen yo ki ekri, ki mennen yo avèk lafwa nan Senyè a, ak nan repantans; lafwa ak repantans sa a ki mete yon “chanjman nan kè yo—

8 Se poutèt sa, tout moun ki vini nan bagay sa a, nou konnen pou tèt pa nou ki jan yo “fèm, e ki jan yo djanm nan lafwa a, e nan bagay ki ba yo libète a.

9 Epi, nou konnen yo te “antere lèzam pou lagè yo, e yo te pè detere yo pou yo pa t fè peche; wi, nou kapab wè yo pè fè peche—paske gade, yo pito ènmi yo pyetine yo, touye yo, e yo p ap leve epe kont yo poutèt lafwa yo genyen nan Kris la.

10 Epi, kounyeya, poutèt fèmte yo lè yo kwè nan bagay yo kwè a, paske, poutèt fèmte yo yon fwa yo resevwa limyè a, Senyè a ap beni yo e l ap fè yo viv lontan, malgre inikite yo—

11 Wi, menm si yo ta dejenerere nan enkredilite Senyè a ap “pwolonje jou yo jistan jou zansèt nou yo ak pwofèt ^bZenòs, ak anpil lòt pwofèt yo te pale a rive, pou “restorasyon frè nou yo, Lamanit yo, nan konesans verite a ankò—

2a Mat. 24:19.

3a Pwov. 3:12;
Ebre 12:5-11;
D&A 95:1.

4a GE Tradisyon.

b Alma 9:16.

5a Ela. 13:1.

7a GE Konvèsyon,
konvèti.

8a Alma 23:6; 27:27;

3 Ne. 6:14.

9a Alma 24:17-19.

11a Alma 9:16.

b Ela. 8:19.

c 2 Ne. 30:5-8.

12 Wi, m di nou, nan dènye tan yo, "pwomès Senyè a pral akonpli pou frè nou yo, Lamanit yo; e malgre tout kantite afliksyon y ap genyen, e malgre y ap ^bgaye pasi-pala sou sifas tè a, y ap chase, y ap frape, y ap gaye tout kote, yo p ap gen kote pou yo kache, Senyè a ap gen ^cmizèrikòd pou yo.

13 Epi, se daprè pwofesi a; yo gen pou yo "vini nan vre konnesans la, ki se konnesans Redanmtè yo a ak gwo ^bbèje tout bon yo a, e y ap konte nan twoupo li a.

14 Se poutèt sa, m di nou, l ap "pi bon pou yo pase nou, si nou pa repanti.

15 Paske gade, si l "te montre yo gwo travay li te montre nou an, wi, yo menm ki te dejenere nan enkredilite poutèt tradisyon zansèt yo; nou kapab wè pou tèt pa nou, yo pa t ap janm dejenere nan enkredilite ankò.

16 Senyè a di konsa, se poutèt sa m p ap detwi yo nèt, men, nan jou lasajès pa m, m ap fè yo retounen vin jwenn mwen.

17 Epi kounyeya gade, Senyè a di, konsènan pèp Nefit yo: Si yo pa repanti, e si yo pa fè volonte m, m ap "detwi yo nèt, poutèt enkredilite yo, malgre tout gwo travay m te fè nan pami yo; e menm jan mwen menm Senyè a, m vivan tout bon an, se konsa bagay sa yo gen pou yo rive.

CHAPIT 16

Nefi batize Nefit ki kwè nan pawòl Samyèl yo—Flèch ak wòch Nefit ki pa repanti yo pa kapab touye Samyèl—Kèk moun fè kè di epi kèk lòt moun wè zanj—Enkredil yo di li pa rezonab pou yo kwè nan Kris la ak vini Kris la nan Jerizalèm. Anviwon 6-1 ANVAN JEZIKRI.

EPI, kounyeya, te gen anpil moun ki te tandè pawòl Samyèl yo, Lamanit la, ki te pale sou tèt kloti vil la. Epi tout moun ki te kwè nan non l, yo t al chèche Nefi; e lè yo te jwenn li, yo te konfese peche yo ba li yo pa t nye yo, paske yo te vle batize nan Senyè a.

2 Men, tout moun ki te la epi ki pa t kwè nan pawòl Samyèl yo te fache kont li; e yo te voye wòch dèyè l sou kloti a, epi tou anpil moun te tire flèch sou li pandan l te kanpe sou kloti a; men, Lespri Senyè a te tèlman avèk li, yo pa t kapab frape l avèk wòch yo ni avèk flèch yo.

3 Kounyeya, lè yo te wè yo pa t kapab frape l, te gen pi plis ankò ki te kwè pawòl li yo, yo te al jwenn Nefi pou yo batize.

4 Paske gade, Nefi t ap batize, pwofetize, preche, kriye repantans bay pèp la, li t ap montre siy, mèvèy, li t ap fè "mirak nan pami pèp la pou yo te kapab konnen Kris la gen pou l vini nan yon ^btikras tan—

12a Enòs 1:12-13.

b Mòm. 5:15.

c 1 Ne. 13:31;

2 Ne. 10:18-19;

Jakòb 3:5-6.

13a 3 Ne. 16:12.

b GE Bon Bèje.

14a Ela. 7:23.

15a Mat. 11:20-23.

17a Ela. 13:6-10.

16 4a GE Mirak.

b Ela. 14:2.

5 Li te di yo bagay ki gen pou rive nan yon tikras tan, pou yo kapab konnen, epi pou yo kapab sonje lè bagay sa yo rive, pou yo konnen yo davans, nan entansyon pou yo kapab kwè; se poutèt sa tout moun ki te kwè nan pawòl Samyèl yo t al jwenn li pou l te batize yo, paske yo repanti e yo te konfese peche yo.

6 Men, pi plis ladan yo pa t kwè nan pawòl Samyèl yo; se poutèt sa, lè yo te wè yo pa t kapab frape l avèk wòch epi ak flèch yo, yo te pote plent bay kaptèn yo, yo te di konsa: Pran nonm sa a epi mare l; paske, gade, yon dyab anpare l; e poutèt pouvw a dyab la ki sou li a nou pa kapab frape l avèk wòch epi ak flèch nou yo; se poutèt sa pran l, mare l e ale avèk li.

7 Epi pandan yo ta pral mete men sou li, li te lage kò l desann sòti sou kloti a, e li te kouri sòti nan peyi yo a; wi, li t ale nan peyi pa l, e li te kòmanse preche ak pwofetize nan pami pèp li a.

8 Epi gade, lè sa a, yo pa t janm tandè anyen konsènan l ankò nan pami Nefit yo; e se konsa sityasyon pèp la te ye.

9 Epi konsa katreven-sizyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini.

10 Epi konsa katreven-setyèm ane gouvènman jij yo te fini tou; pi fò moun nan pami pèp la te rete nan lògèy ak nan mechanste yo, e pi piti kantite moun yo te mache nan dwati devan Bondye.

11 Epi tou, se te sityasyon yo sa nan katreven-ywityèm ane gouvènman jij yo.

12 Epi te gen yon ti kras chanjman nan sityasyon pèp la, eksepte pèp la te kòmanse vin pi fou nan inikite, e yo te pwofondè plis nan bagay ki opoze ak kòmandman Bondye yo, nan katreven-nevyèm ane gouvènman jij yo.

13 Men, se te konsa, nan katreven-dizyèm ane gouvènman jij yo, pèp la te resevwa "gwo siy, ak mèvèy; epi pawòl pwofèt yo te kòmanse akonpli.

14 Epi "zanj yo te parèt devan lèzòm, moun ki te saj yo, e yo te deklare yo bòn nouvèl ki pote gwo lajwa; konsa, nan ane sa a, ekriti yo te kòmanse akonpli.

15 Malgre sa, pèp la te kòmanse fè kè di, yo tout, eksepte yon pati nan pami yo ki te gen plis kwayans. Ni Nefit yo ni Lamanit yo te kòmanse depann sou fòs pa yo ak "sajès pa yo; e yo te di konsa:

16 Nan tout bagay pwofèt yo te pwofetize yo, gen kèk yo te byen devine; men gade, nou konnen tout gwo zèv mèvèy pwofèt yo te pale yo pa t kapab reyalize.

17 Epi, yo te kòmanse fè lojik, e yo te kòmanse diskite yonn ak lòt, yo te di konsa:

18 "Se pa rezonab pou yon èt tankou Kris la ta vini; si se vre, e si li se Pitit Gason Bondye a, Papa syèl la ak tè a, jan sa te pale a, poukisa li pa fè nou wè l, e

13a 3 Ne. 1:4.
b Ela. 14:3-7.

14a Alma 13:26.
15a Eza. 5:21.

18a Alma 30:12-13.

poukisa li pa fè moun ki nan Jerizalèm yo wè l tou?

19 Wi, poukisa li pa fè wè l menm jan avèk nan peyi Jerizalèm nan?

20 Men gade, nou konnen se yon ^atradisyon mechan, zansèt nou yo te pase ban nou, pou fè nou kwè nan yon gwo zèv mèvèy ki dwe akonpli, se pa nan pami nou, men nan yon peyi ki lwen, yon peyi ke nou pa konnen; konsa yo kapab kenbe nou nan iyorans, paske nou pa kapab ^btemwen ak je pa nou si yo se verite.

21 Epi avèk mètdam, ak manèv misterye malen an, y ap akonpli kèk gran mistè nou pa kapab konprann, k ap kenbe nou atè pou nou tounen esklav pawòl yo, ak esklav yo tou, paske nou depann sou yo pou yo preche

nou pawòl la; e konsa y ap kenbe nou nan iyorans si nou lage kò nou ba yo pou tout lavi nou.

22 Epi pèp la te imajine anpil lòt bagay nan kè l, ki te fou e ki te ^asan valè; e yo te twouble anpil, paske Satan te pouse yo fè inikite tout tan; wi, li te mache gaye tripotaj ak chirepit nan tout peyi a pou l te kapab fè kè pèp la di kont sa ki te bon ak sa ki te gen pou rive.

23 Epi malgre siy ak mèvèy ki te fèt nan pami pèp Senyè a, ak pakèt mirak yo te fè, Satan te gen gran kontwòl sou kè pèp la nan tout peyi a.

24 Epi se konsa katreven-dizyèm ane gouvènman jij yo sou pèp Nefi a te fini.

25 Epi konsa liv Elaman an te fini, dapre istwa Elaman ak istwa pitit gason li yo.

TWAZYÈM NEFI LIV NEFI A

PITIT GASON NEFI A, KI TE PITIT GASON ELAMAN AN

Epi Elaman te pitit gason Elaman, ki te pitit gason Alma, ki te pitit gason Alma, ki te yon desandan Nefi, ki te pitit gason Leyi, ki te soti Jerizalèm nan premye ane gouvènman Sedesyas, ki te wa Jida a.

CHAPIT 1

Nefi, pitit gason Elaman an, te pati kite peyi a, e pitit gason li a, Nefi kenbe rejis yo—Malgre siy ak mèvèy fè mikalaw, mechan yo te planifye pou touye moun ki jis yo—Nuit nesans Kris la rive—Siy

nan parèt epi yon zetwal tou nèt leve—Manti ak mètdam ogmante, epi vòlè Gadyanton yo masakre anpil moun. Anviwon 1–4 APRE JEZIKRI.

KOUNYEYA, se te konsa, katreven onzyèm ane a te

pase epi sa te fè “sis san ane depi lè Leyi te kite Jerizalèm; e se te ane Lakoneyis te jij anchè ak gouvènè peyi a.

2 Epi Nefi, pitit gason Elaman an te pati kite peyi Zarayemla a, li te bay premye pitit gason li a, “Nefi responsablite konsènan ^bplakderen yo, ak tout rejis yo te kenbe yo, ak tout bagay yo te kenbe sakre yo depi lè Leyi te pati kite Jerizalèm nan.

3 Apre sa, li te pati kite peyi a, pèsonn pa t konnen “ki kote li t ale; e Nefi, pitit gason li a te kenbe rejis yo nan plas li, wi rejis pèp sa a.

4 Epi, se te konsa, nan kòmansman katreven-douzyèm ane a, gade, pwofesi pwofèt yo te kòmanse akonpli deboutanbout, paske te kòmanse gen pi gwo siy, ak pi gwo mirak, manifeste nan pami pèp la.

5 Men, te gen kèk moun ki te kòmanse di konsa lè a te pase pou pawòl Samyèl, Lamanit la te “pale yo, akonpli.

6 Epi yo te kòmanse ri frè yo, yo te di konsa: nou wè, lè a pase e pawòl Samyèl yo pa akonpli; nou wè, lajwa nou ak lafwa nou konsènan bagay sa yo anven.

7 Epi, se te konsa, yo te fè yon gwo soulèvman nan tout peyi a; moun ki te kwè yo te kòmanse gen lapenn pou bagay ki te pale yo pa pase, jan sa te di a.

8 Men gade, malgre sa, yo te

rete fèm ap veye jou sa a, ak nuit sa a ak jou sa a ki t ap tankou yon sèl jou kòm si pa t gen nuit la, pou yo te kapab konnen lafwa yo pa t anven.

9 Kounyeya, se te konsa, enkredil yo te chwazi yon jou pou “touye tout moun ki te kwè nan tradisyon sa yo, si siy pwofèt Samyèl te bay yo pa t akonpli.

10 Kounyeya, se te konsa, lè Nefi, pitit gason Nefi a te wè mechanste sa a nan pami pèp li a, kè l te tris anpil.

11 Epi, se te konsa, li te sòti deyò li te bese tèt li atè a, li te rele fò nan pye Bondye li a pou pèp li a, wi, pou moun sa yo ki ta pral detwi poutèt lafwa yo nan tradisyon zansèt li yo.

12 Epi, se te konsa, li te rele fò nan pye Senyè a “tout jou sa a; e gade vwa Senyè a te fè tande l, li te di:

13 Leve tèt ou e fè kè w konstan; paske gade, lè a prèske rive e aswè a siy yo pral akonpli e “demen m ap vini nan mond lan pou m montre mond lan m ap akonpli tout sa m te fè bouch pwofèt sen mwen yo ^bpale yo.

14 Gade, m ap “vin jwenn pèp mwen an, pou m ^bakonpli tout bagay m te fè pitit lèzòm konnen depi nan “fondasyon mond lan, e pou m “fè volonte Papa a ak Pitit Gason an—volonte Papa a, poutèt mwenmenm, e volonte Pitit Gason an poutèt kò m. Epi gade

1 1a 2 Ne. 25:19.
2a GE Nefi, pitit gason Nefi, pitit gason Elaman.
b Alma 37:3-5.
3a 3 Ne. 2:9.

5a Ela. 14:2-4.
9a GE Matirize, mati.
12a Enòs 1:4;
Alma 5:46.
13a Lik 2:10-11.
b GE Jezikri—Pwofesi

konsènan nesans ak lanmò Jezikri.
14a Jan 1:11.
b Mat. 5:17-18.
c Alma 42:26.
d D&A 93:3-4.

lè a prèske rive, e aswè a siy nan pral akonpli.

15 Epi, se te konsa, pawòl Nefi te resevwa yo te akonpli jan l te pale yo a; paske gade lè solèy la t ap pral kouche "pa t gen fènwa; e pèp la te kòmanse etone paske pat gen fènwa lè nuit la te rive.

16 Epi te gen anpil moun ki pa t kwè nan pawòl pwofèt yo, ki te "tonbe atè e ki te vin tankou yo te mouri, paske yo te konnen gwo ^bplan destriksyon yo te pare pou moun ki te kwè nan pawòl pwofèt yo te echwe; paske, siy yo te resevwa a te prèske akonpli.

17 Epi yo te kòmanse konnen Pitit Gason Bondye a gen pou l vini nan yon ti kras tan; wi, alafen, tout moun sou tout sifas tè a, depi nan lwès jouk nan lès, ni nan peyi nò ak nan peyi sid, te tèlman etone yo te tonbe atè.

18 Paske yo te konnen pwofèt yo te temwaye bagay sa yo pandan anpil ane, e siy yo te resevwa a te deja prèske rive; e yo te kòmanse pè poutèt inikite yo ak enkredilite yo.

19 Epi, se te konsa, li pa t fènwà tout nuit sa a; men, li te fè klè tankou midi. Epi solèy la te leve nan maten an ankò, selon abitud li; e se, jou Senyè a te gen pou l "fèt la, poutèt siy ki te tabli yo.

20 Epi sa te fèt, wi, tout bagay, san manke tikras, dapre pawòl pwofèt yo.

21 Epi, se te konsa, yon "zetwal nèf te parèt, dapre pwofesi yo.

22 Epi, se te konsa, depi lè sa a Satan te kòmanse voye manti nan pami pèp la, pou fè kè yo di, nan entansyon pou yo pa kwè nan siy ak mèvèy yo te wè yo; men, malgre manti ak riz yo, pi fò nan pèp la te kwè, e yo te konvèti nan Senyè a.

23 Epi, se te konsa, Nefi t ale nan pami pèp la avèk anpil lòt moun, yo te batize moun pou repantans; e nan batèm sa a, anpil moun te resevwa "padon pou peche yo. Epi konsa, pèp la te kòmanse gen lapè nan peyi a ankò.

24 Epi pa t gen chirepit, eksepté kèk moun ki te kòmanse preche, pou yo eseye pwouve avèk ekriti yo "li pa t nesèsè pou moun obeyi lalwa Moyiz la ankò. Men bagay sa a, yo te fè erè; paske, yo pa t konprann ekriti yo.

25 Men, se te konsa, nan yon ti tan, yo te vin konvèti e yo te vin konnen nan ki erè yo te ye; paske, yo te aprann lalwa a pa t ko "akonpli, e li gen pou l akonpli san manke yon ti kal; wi, yo te resevwa mesaj la ki fè konnen lalwa a dwe akonpli; konsa, nan menm ane a, yo te konnen yo te nan erè e yo te ^bkonfese fot yo.

26 Epi konsa, katreven-douzyèm ane a te pase, li te pote bòn nouvèl bay pèp la poutèt siy ki te akonpli yo, dapre pawòl pwofesi tout pwofèt ki te sen yo.

27 Epi, se te konsa, katreven-

15a Ela. 14:3.

16a Ela. 14:7.

b 3 Ne. 1:9.

19a Lik 2:1-7.

21a Mat. 2:1-2;

Ela. 14:5.

23a GE Remisyon
peche yo.

24a Alma 34:13.

25a Mat. 5:17-18.

b Mozya 26:29.

trèzyèm ane a te pase nan lapè tou, eksepte “vòlè Gadyanton yo ki te envayi peyi a; paske kachèt yo ak pozisyon sekre yo te tèlman prive, moun pa t kapab metrize yo; se poutèt sa yo te fè anpil asasina, e yo te fè anpil masak nan pami pèp la.

28 Epi, se te konsa, nan katreven-katòzyèm ane a yo te kòmanse ogmante anpil anpil poutèt Nefit rebèl yo ki te sove al jwenn yo, ki te lakòz anpil tristès nan pami Nefit yo ki te rete nan peyi a.

29 Epi te gen yon rezon pou lapenn nan pami Lamanit yo tou; paske gade te gen anpil timoun ki te grandi, e yo te kòmanse gran ase pou yo chwazi pou tèt pa yo, e kèk nan pami “Zoramit yo te pran tèt yo avèk manti e avèk pawòl mètdam pou y al jwenn avèk vòlè Gadyanton yo.

30 Epi konsa, Lamanit yo te tonbe nan afliksyon tou, e lafwa yo ak lajistis yo te kòmanse diminye, poutèt mechanste jenerasyon ki t ap grandi a.

CHAPIT 2

Mechanste ak abominasyon ogmante nan pami pèp la—Nefit yo ak Lamanit yo reyini pou yo defann tèt yo kont vòlè Gadyanton yo—Lamanit ki te konvèti yo te vin blan e yo te rele yo Nefit. Anviwon 5–16 APRÈ JEZIKRI.

EPI, se te konsa, katreven-kenzyèm ane a te pase tou, pèp la te kòmanse bliye siy ak

mèvèy yo te tandè yo, yo te kòmanse vin etone mwens chak fwa te gen yon siy ki te soti nan syèl la jistan yo te kòmanse gen kè di, yo te kòmanse vin avèk nanpanse yo, e yo te kòmanse pa kwè nan tout sa yo te tandè ak tout sa yo te wè—

2 Yo te imajine kèk vanite nan kè yo, yo te di se lèzòm ak pouvw dyab la ki te akonpli l pou detounen epi pou “twonpe kè pèp la; konsa, Satan te tèlman pran kè pèp la ankò, li te avegle je yo e li te detounen yo pou yo kwè doktrin Kris la se yon bagay ensanse, san valè.

3 Epi, se te konsa, pèp la te kòmanse antre pi fon nan mechanste ak abominasyon; yo pat kwè yo te dwe resevwa okenn siy ak mèvèy ankò; Satan te “mache detounen kè pèp la, li te tante yo e li te lakòz yo fè gwo mechanste nan peyi a.

4 Se konsa katreven-sèzyèm ane a pase, katreven-disityèm nan, katreven-dizuityèm nan ak katreven-diznevnyèm nan;

5 Epi, santan te pase depi epòk “Mozya a ki te wa pèp Nefit yo.

6 Epi, sis san nèf ane te pase depi lè Leyi te kite Jerizalèm.

7 Nèf ane te pase depi lè yo te resevwa siy pwofèt yo te pale a, konsènan Kris ki te gen pou l vini nan mond lan.

8 Kounyeya, Nefit yo te kòmanse konte dat yo nan epòk yo te resevwa siy nan, oubyen nan epòk Kris la te vini an; se poutèt sa nèf ane te pase.

27a GE Vòlè
Gadyanton yo.

29a Alma 30:59.
2 2a GE Twonpe, twonpri.

3a D&A 10:27.
5a Mozya 29:46–47.

9 Epi, Nefi ki te papa Nefi a, ki te gen rejis yo nan men l la, li "pa t retounen nan vil Zarayemla a, e yo pa t konnen ki kote l te fè.

10 Epi, se te konsa, pèp la te toujou rete nan mechanste malgre pakèt prèch ak pwofesi yo te resevwa; e se konsa dizyèm ane a te pase, e onzyèm ane a te pase nan inikite tou.

11 Epi, se te konsa, nan trèzyèm ane a, te kòmanse gen lagè ak chirepit nan tout peyi a; paske, vòlè Gadyanton yo te vin tèlman anpil yo te touye anpil moun nan pèp la, e yo te fè piyay nan plizyè vil. Yo te tèlman gaye lanmò ak masak nan tout peyi a, li te vin nesèsè pou tout pèp la, ni Nefit yo, ni Lamanit yo pran lèzam kont yo.

12 Se poutèt sa, tout Lamanit yo ki te konvèti nan Senyè a te reyini avèk Nefit yo, frè yo, e yo te oblije pran lèzam kont vòlè Gadyanton yo, pou yo pwoteje lavi yo, madanm yo ak pitit yo; wi, pou yo kapab pwoteje dwa yo, privilèj legliz yo, ak adorasyon yo, "endepandans yo, ak libète yo.

13 Epi, se te konsa, anvan trèzyèm ane a te pase, Nefit yo te anba menas destriksyon total poutèt lagè sa a ki te vin di anpil.

14 Epi, se te konsa, Lamanit ki te reyini avèk Nefit yo te konte nan pami Nefit yo;

15 Èpi, "malediksyon yo a te sòti sou yo, po yo te vin ^bblan tankou po Nefit yo;

16 Jèn jan ak jèn fi yo te vin bèl anpil, yo te konte nan pami Nefit yo, epi yo te rele Nefit. Epi se te konsa trèzyèm ane a te fini.

17 Epi, se te konsa, nan kòmansman katòzyèm ane a, lagè ant vòlè yo ak pèp Nefi a te kontinye, e li te vin di anpil; men, pèp Nefi a te tèlman pran kèk avantaj sou vòlè yo, Nefit yo te pouse yo sòti tè yo, ale nan montay yo, ak nan kachèt sekrè yo.

18 Epi konsa, katòzyèm ane a te fini. Epi nan kenzyèm ane a, yo te vini kont pèp Nefi a; epi poutèt mechanste pèp Nefi a, ak anpil chirepit yo, ak divizyon yo, vòlè Gadyanton yo te gen anpil avantaj sou yo.

19 Epi konsa kenzyèm ane a te fini, epi se konsa pèp la te nan yon pakèt afliksyon; "epe destriksyon an te tèlman pandye sou tè yo, li ta pral desann sou yo poutèt inikite yo.

CHAPIT 3

Jidyani, dirijan Gadyanton an mande Lakoneyis ak Nefit yo pou yo livre tè yo ak tè yo—Lakoneyis lonmen Jidjidoni kaptèn an chèf lame yo—Nefit yo rasanble nan Zarayemla ak Abondans pou defann tè yo. Anviwon 16-18 APRÈ JEZIKRI.

E KOUNYEYA, se te konsa, nan sèzyèm ane apre Kris la te vini an, Lakoneyis, gouvènè peyi a te resevwa yon lèt ki te soti nan

9a 3 Ne. 1:2-3.
12a GE Lib, libète.
b GE Libète.

15a Alma 17:15; 23:18.
b 2 Ne. 5:21; 30:6;
Jakòb 3:8.

19a Alma 60:29.

men chèf bann vòlè yo; men pa-wòl ki te ekri ladan l, ki te di:

2 Lakoneyis, onorab chèf peyi a, m ekri w lèt sa a, m louwe w anpil poutèt fèmte w ak fèmte pèp w a nan batay ou mennen pou sa w rele dwa ak libète w la; wi, ou reyèlman kanpe dwat kòm si men Bondye te soutni w nan defans libète w la, byen w yo, peyi w la, oubyen bagay ou rele konsa yo.

3 Epi, sa fè m mal, onorab Lakoneyis, pou ou ta kapab tèlman sòt, san sans, pou w ta panse ou kapab kanpe kont tout moun brav sa yo ki sou kòmandman m nan, ki kanpe nan moman sa a avèk lèzan yo pou yo rete tann lòd mwen—desann a l sou Nefit yo epi detwi yo.

4 M konnen jan lespri yo endontab, yo te fè prèv nan batay, epi m konnen rayiman san mezi yo genyen pou ou, poutèt tout mal ou te fè yo; se poutèt sa, si yo ta desann kont ou, yo t ap pase wè w nan yon destriksyon total.

5 Se poutèt sa, m ekri lèt sa a, e m siyen l avèk men pa m; m sansib pou byen pa ou, poutèt fèmte w nan sa w kwè ki se dwa w la, ak lespri onorab ou nan batay.

6 Se poutèt sa, m ekri w; m vle w bay pèp sa a vil ou yo, tè w yo, ak sa w posede, tan pou yo ta pase wè w avèk epe, pou destriksyon ta tonbe sou ou.

7 Oubyen, livre tèt ou ban nou, reyini avèk nou, e fè ko-

nesans avèk zèv “sekrè nou yo, vin tounen frè nou—pa kòm esklav nou, men, kòm frè nou ak asosye nou nan tout sa nou genyen.

8 Epi gade, m fè w “sèman, si w fè m pwomès, ou p ap detwi; men, si w pa fè sa m pwomèt ou avèk sèman nan mwa k ap vini an, m ap kòmande lame m nan desann sou ou, yo p ap kwaze men yo, e yo p ap epaye w; men, y ap touye w e y ap mete kout epe sou ou jistan w detwi.

9 M se Jidyani, gouvènè “sosyete sekrè Gadyanton an; m konnen sosyete sa a ak zèv li yo “bon; yo te kòmanse nan tan “lontan e yo te desann vin jwenn nou.

10 Epi, m ekri ou lèt sa a, Lakoneyis; M swete w ap livre tè ou ak sa ou posede nan men m san masak, pou pèp sa a rebran dwa ak gouvènman ki pou yo a; yo te sòti nan pami ou poutèt mechanste w te fè yo lè w te pran dwa yo ak gouvènman yo a. Si w pa fè sa, m ap vanje pou yo. M se Jidyani.

11 Epi kounyeya, se te konsa, lè Lakoneyis te resevwa lèt sa, li te etone anpil poutèt jan Jidyani te mande l tè Nefit yo kareman, avèk menas, pou l vanje mal yo te fè yon pèp ki pa t soufri onkenn mal, “eksepte yo te fè tèt yo mal paske yo t a l jwenn mechan yo, vòlè abominab sa yo.

12 Kounyeya gade, Lakoneyis, gouvènè sa a te yon nonm ki jis, li pa t kapab pè poutèt de-

3 7a Ela. 6:22–26.

8a Etè 8:13–14.

9a GE Konbinezon sekrè.

b Alma 30:53.

c Ela. 6:26–30;

Moyiz 5:29, 49–52.

11a Ela. 14:30.

mand ak menas yon “vòlè; se poutèt sa, li pa t bay lèt Jidyani an, gouvènè vòlè yo okenn atansyon; men, li te fè pèp li a kriye nan pye Senyè a pou ba yo kouraj, pou lè vòlè y ap desann vini atake yo.

13 Wi, li te voye yon pwoklamasyon nan pami tout pèp la pou yo rasanble madanm yo, pitit yo, ak bèt yo ansanm; e tout byen yo, eksepte tè yo, nan yon sèl kote.

14 Epi, li te fè konstwi fò alantou yo, li te mande pou konstwi fò yo solid anpil. Epi li te fè lame Lamanit ak Nefit yo, oubyen tout moun ki nan pami Nefit yo mete gad nan alantou yo, pou veve pou yo atake vòlè yo lajounen tankou nan nuit.

15 Wi, li te di yo menm jan Senyè a vivan an, si nou pa repanti nan tout inikite nou yo, e si nou pa kriye nan pye Senyè a, nou p ap kapab delivre, nan onkenn fason, anba men vòlè Gadyanton yo.

16 Epi, pawòl ak pwofesi Lakoneyis yo te tèlman gwo, yo te tèlman bèl, yo te fè pèp la pè, e yo te eseye avèk tout fòs pou yo fè jan Lakoneyis te di yo a.

17 Epi, se te konsa, Lakoneyis te nonmen kaptèn an chèf alatèt tout lame Nefit yo pou kòmande yo lè vòlè yo desann kont yo.

18 Kounyeya, gwo kòmandan ak pi gwo kaptèn an chèf nan pami tout lame Nefit yo te rele “Jidjidoni.

19 Se te koutim nan pami tout Nefit yo, (eksepte lè yo te nan mechanste) pou yo nonmen yon moun ki te gen lespri revelasyon ak lespri “pwofesi kòm kaptèn an chèf yo; se poutèt sa, Jidjidoni te yon gwo pwofèt nan pami yo, menm jan ak jij anchèf la.

20 Kounyeya, pèp la te di Jidjidoni: Priye Senyè a e kite nou monte sou montay yo ak nan dezè a pou nou kapab tonbe sou vòlè yo, pou nou detwi yo sou tè pa yo.

21 Men, Jidjidoni te di yo: Senyè a “defann sa; paske si n ale atake yo, Senyè a ap ^blivre nou nan men yo; se poutèt sa, n ap pare nou nan mitan peyi nou an, n ap rasanble tout lame nou yo ansanm, epi nou pa prale atak yo; men, n ap ret tann jistan yo vin atake nou; se poutèt sa menm jan Senyè a vivan, si nou fè sa, l ap livre yo nan men nou.

22 Epi, se te konsa, nan finisman disetyèm ane a, pwoklamasyon Lakoneyis la t ale nan tout peyi a; yo te pran cheval yo, charyo yo, bèt yo, pwovizyon yo, ak tout sa yo te genyen, yo te mache nan gwoup mil ak gwoup anpil milye moun jistan yo t ale nan kote yo te di y ap rasanble ansanm nan, pou yo defann tè yo kont ènmi yo.

23 Epi, tè yo te chwazi a, se te vil Zarayemla a, ak tè ki te nan mitan Zarayemla ak Abondans la; wi nan lizyè ki te separe peyi Abondans la ak peyi Dezolasyon an.

12a Alma 54:5-11;
3 Ne. 4:7-10.
18a 3 Ne. 6:6.

19a GE Pwofesi,
pwofetize.
21a Alma 48:14.

b 1 Sam. 14:12.

24 Epi, te gen plizyè milye moun ki te rele Nefit, ki te rasanble ansanm nan peyi sa a. Lako-neyis te fè yo rasanble ansanm nan sid la, poutèt gwo malediksyon ki te sou “peyi nò a.

25 Epi, yo te fòtifye tèt yo kont ènmi yo; yo te rete nan yon sèl tè, yo te fè yon sèl gwoup, e yo te tèlman pè pawòl Lakoneyis te pale yo, yo te repanti nan tout peche yo, yo te leve priyè yo anlè bay Senyè Bondye yo a pou l kapab “delivre yo lè ènmi yo ta desann vin goumen avèk yo.

26 Yo te gen anpil lapenn poutèt ènmi yo Epi, Jidjidoni te fè yo fabrike tout kalite “zam pou lagè; yo te pwoteje avèk kiras epi avèk boukliye daprè enstrik- syon li te ba yo.

CHAPIT 4

Lame Nefit yo bat vòlè Gadyanton yo—Jidyani mouri, e yo pann ran- plas an li a, Zemnariya—Nefit yo louwe Senyè a pou viktw a yo. An- viwon 19–22 APRE JEZIKRI.

EPI, se te konsa, nan finisman dizuityèm ane a, lame vòlè yo te pare pou batay, epi yo te kòmanse desann sòti nan kolin ak montay yo; nan dezè yo, ak fò yo, ak kachèt yo, e yo te kòmanse sezi tè yo ki te nan sid ak nan nò yo; yo te kòmanse sezi tout tè Nefit yo te “kite ak vil ki te rete san moun yo.

2 Men gade, pa t gen bèt so- vaj ni bèt mawon nan tè Nefit yo te abandone yo, e pa t gen bèt

mawon pou vòlè yo, eksepte nan dezè a.

3 Epi, vòlè yo pa t kapab re- ziste, eksepte nan dezè a, paske yo te bezwen manje; Nefit yo te kite tè yo vid, yo te rasanble bèt yo, ak tout manje yo, e yo te fè yon sèl gwoup.

4 Se poutèt sa, pa t gen okenn chans pou vòlè yo te fè piyay, e pou yo te jwenn manje, eksepte pou yo vin goumen avèk Nefit yo kareman; Nefit yo te fè yon sèl gwoup, yo te tèlman anpil, yo te gen rezèv pwovizyon, che- val, bèf ak tout kalite bèt pou yo te kapab reziste pou sèt ane; nan tan sa, yo te espere detwi vòlè yo nan peyi a; e se konsa dizuityèm ane a te pase.

5 Epi, se te konsa, nan dizne- vyèm ane a, Jidyani te wè l ne- sesè pou l monte vin goumen kont Nefit yo, paske pa t gen okenn mwayen pou yo viv, ek- septe pou yo fè piyay, pou yo vòlè, epi pou yo fè asasina.

6 Epi, yo pa t pran chans ouvè kò yo nan peyi a pou yo plante, pou Nefit yo pa t vin tonbe sou yo pou touye yo; se poutèt sa, Ji- dyani te bay lame li a kòmand- man pou yo monte a l goumen kont Nefit yo.

7 Epi, se te konsa, yo te monte a l goumen; se te nan sizyèm mwa a; e gade, se te yon gran jou terib, lè yo te monte a l ba- tay la; yo te mare ren yo menm jan vòlè yo te konn fè a; ren yo te mare ak yon po mouton, yo te pentire avèk san, tèt yo te kale, yo te gen kas sou yo. Aparans

24a Alma 22:31.

25a GE Konfyans, konfyè.

26a 2 Ne. 5:14.

4 1a 3 Ne. 3:13-14, 22.

lame Jidyani yo te terib poutèt kiras yo te genyen ak san ki te pentire yo.

8 Epi, se te konsa, lè lame Nefit yo te wè aparans lame Jidyani yo, yo tout te tonbe atè, e yo te leve vwa yo bay Senyè Bondye yo a, pou l epaye yo, e pou l delivre yo anba men ènmi yo.

9 Epi, se te konsa, lè lame Jidyani yo te wè sa, yo te kòmanse rele fò, yo te kontan; paske yo te konprann Nefit yo te tonbe anba lakrent poutèt jan lame sa a te lèd.

10 Men, yo te twonpe yo nan bagay sa a, paske Nefit yo pa t pè yo, yo te “pè Bondye yo a, epi yo te sipliye l pou l ba yo pwoteksyon; se poutèt sa, lè lame Jidyani yo te prese vin sou yo, yo te pare pou atake yo; wi, yo te resevwa yo nan fòs Senyè a.

11 Batay la te kòmanse nan sizyèm mwa a, se te yon gwo batay terib, se te yon tèlman gwo masak terib anpil, pa t janm gen gwo masak konsa nan pami tout pèp Leyi a depi li te kite Jerizalèm.

12 Malgre “menas ak sèman Jidyani te fè, Nefit yo te bat yo tèlman, yo fè bak devan Nefit yo.

13 Epi, se te konsa, “Jidjidoni te kòmande pou lame l yo suiv yo jouk nan fwontyè dezè a, pou yo pa epaye okenn sa k te tonbe anba men yo sou wout la; se konsa yo te suiv yo bò fwontyè dezè a, e yo te touye yo jistan kòmandman Jidjidoni yo te egzekite.

14 Epi, se te konsa, Jidyani ki te

kanpe avèk frekansite pou l goumen an, yo te suiv li pandan l t ap kouri a; li te fatigue apre tout batay li te batay la, yo te pran l e yo te touye l. Epi, se konsa Jidyani, vòlè a te fini.

15 Epi, se te konsa, lame Nefit yo te retounen ankò nan sekirite yo. Epi, se te konsa, dizveyèm ane a te pase, e vòlè yo pa t vin pou goumen ankò, yo pa t vini nan ventyèm ane a ankò.

16 Epi, nan venteyinyèm ane a, yo pa t vin batay, men, yo te monte tout alantou pou yo sènen pèp Nefi a; paske, yo te konprann si yo bloke pèp Nefi a nan tè Nefit yo, si yo bloke yo tout kote nan tout privilèj yo ta genyen pou yo deplase, yo te panse sa t ap fè Nefit yo livre tèt yo, jan yo ta vle l la.

17 Kounyeya, yo te chwazi yon lòt dirijan ki te rele Zemnariya; se poutèt sa, se te Zemnariya ki te fè bloke Nefit yo.

18 Men gade, se te nan avantaj Nefit yo; paske li te enposib pou vòlè yo ta bloke Nefit yo ase lontan, pou sa ta afekte Nefit yo, poutèt tout pwovizyon Nefit yo yo te sere,

19 Poutèt pwovizyon ki te manke nan pami vòlè yo; paske yo pa t gen okenn manje, eksepte vyann, vyann yo te jwenn nan dezè a;

20 Epi, se te konsa, te “tèlman manke bèt mawon nan dezè a, vòlè yo te prèske peri anba gran-gou.

21 Epi, Nefit yo te kòmanse ap mache lajounen kou nan nuit,

10a GE Krent, krentif.
12a 3 Ne. 3:1–10.

13a 3 Ne. 3:18.
20a 1 Ne. 18:25.

yo te tonbe sou lame Lamanit yo, yo te touye plizyè santèn e plizyè santèn milye ladan yo.

22 Se konsa, moun Zemnariya yo te vin vle chanje lide yo poutèt gwo destriksyon ki te tonbe sou yo nan nuit ak lajounen an.

23 Epi, se te konsa, Zemnariya te kòmande pèp li a pou yo wete kò yo nan blokaj la, e pou yo mache a l pi lwen nan pa ti nò yo.

24 Epi kounyeya, Jidjidoni te konnen plan yo, e li te konnen feblès yo poutèt yo te manke manje ak gwo masak ki te fèt nan pami yo, se poutèt sa, li te voye lame l yo nan nuit pou anpeche yo deplase, epi li te mete lame l yo sou wout yo.

25 Epi, se sa Yo te fè nan nuit, e yo te pran devan vòlè yo; nan demen, lè vòlè yo te kòmanse mache, yo te rankontre avèk lame Nefit yo ni devan, ni dèyè.

26 Epi, vòlè nan sid yo te bloke sou wout yo tou. E, tout bagay sa yo te fèt sou kòmandman Jidjidoni.

27 Epi, te gen anpil milye ladan yo ki te livre tèt yo nan men Nefit yo pou yo tounen prizonye, e yo te touye rès yo.

28 Epi, yo te pran Zemnariya dirijan yo a, yo te pann li sou yon pyebwa, wi, nan pwent tèt pyebwa a menm, jistan l te mouri; lè yo te fin pann li jistan l te mouri, yo te jete pyebwa a atè e yo di byen fò:

29 Se pou Senyè a prezève

pèp li a nan lajistis ak sentete nan kè yo pou yo kapab lage atè, tout moun ki chèche touye yo poutèt pouvwa ak konbinezon sekre, menm jan nonm sa a tonbe atè a.

30 Epi, yo te rejwi, e yo te rele ankò avèk yon sèl vwa, yo te di: Se pou “Bondye Abraram nan, Bondye Izarak la, ak Bondye Jakòb la pwoteje pèp sa a nan lajistis, tout tan yo ^brele non Bondye yo a pou pwoteksyon.

31 Epi, se te konsa, yo te chante ansanm avèk yon sèl vwa, yo te “louwe Bondye yo a pou gwo bagay li te fè pou yo lè l te prezève yo pou yo pa t tonbe anba men ènmi yo.

32 Wi, yo te rele: “Ozana pou Bondye Ki Pi Wo a. Epi yo te rele: Beni non Senyè Bondye a ki ^bToupuisans an, Bondye Ki Pi Wo a.

33 Epi, kè yo te chaje ak lajwa, anpil dlo te sòti nan je yo poutèt tout bonte Bondye ki te delivre yo anba men ènmi yo, e yo te konnen se te poutèt repantans ak imilite yo, yo te delivre anba destriksyon etènèl.

CHAPIT 5

Nefit yo repanti e yo abandone peche yo—Mòmmon ekri istwa pèp li a, e li deklare yo pawòl etènèl la—Izrayèl pral rasanble sòti nan dispèsyon long li a. Anviwon 22–26
APRE JEZIKRI.

EPI kounyeya gade, pat gen yon nanm nan pami tout pèp Nefit

30a Alma 29:11.

b Etè 4:15.

31a Alma 26:8.

GE Rekonesan,
remèsiman.

32a GE Ozana.

b 1 Ne. 1:14.

GE Bondye, Divinite.

yo ki te doute yon ti kras konsènan pawòl tout pwofèt sen yo te pale yo; paske, yo te konnen pawòl sa yo te dwe akonpli.

2 Epi, yo te konnen li te nesèsè pou Kris la vini, poutèt tout kantite siy yo te resevwa daprè pawòl pwofèt yo; e poutèt bagay ki te deja pase yo, yo te konnen li nesèsè pou tout bagay ki te pale yo akonpli.

3 Se poutèt sa, yo te kite tout peche yo, ak abominasyon yo, ak idolatri seksyèl yo te konn fè, epi yo te sèvi Bondye lajounen kou nan nuit.

4 Epi kounyeya, se te konsa, lè yo te fin fè tout vòlè yo tounen prizonye, yo youn pa t sove san l pa t mouri, yo te mete yo nan prizon, e yo te fè preche prizonye yo pawòl Bondye a; tout sa ki te repanti nan peche yo, e ki te fè alyans pou yo pa asainen moun ankò, yo te gen ^alibète.

5 Men, tout sa ki pa t fè alyans, e ki te kontinye kenbe asasina sekre sa yo nan kè yo, wi, tout sa yo te jwenn ki t ap pwononse menas kont frè yo, yo te pini yo daprè lalwa a.

6 Epi, konsa yo te fini avèk tout mechanste, ak sekre, ak konbinezon abominab ki te lakòz yon pakèt mechanste ak yon pakèt asasina.

7 Epi konsa, ^avenndezyèm ane a te pase, venntwazyèm ane a tou, vennkatriyèm ak vennsenkyèm nan te pase, e se konsa vennsenk ane te pase.

8 Epi, anpil bagay te fèt, ki te gwo, e ki te bèl anpil devan je kèk moun; men, tout pa t kapab ekri nan liv sa a; wi, liv sa a pa kapab kenbe menm yon ^asantye nan bagay ki te fèt nan pami tout moun sa yo nan vennsenk;

9 Men gade, gen ^arejis ki gen tout istwa pèp sa a; e Nefi te bay yon istwa pi kout; men, ki vre.

10 Se poutèt sa, m te fè rejis mwen konsènan bagay sa yo daprè rejis Nefi yo, ki te ekri sou plak ki te rele plak Nefi.

11 Epi gade, m fè rejis la sou plak m te fè avèk men pa m.

12 Epi gade, m rele ^aMòmmon, menm jan avèk ^bpeyi Mòmmon an, tè kote Alma te tabli legliz la nan pami pèp la, wi, premye legliz ki te tabli nan pami yo apre transgresyon yo.

13 Gade, m se yon disip Jezi-kri, Pitit Gason Bondye a. Li te chwazi m pou m deklare pawòl nan pami pèp li a pou yo kapab gen lavi pou tout tan.

14 Epi, li te vin nesèsè pou m ^aekri bagay m te fè yo, daprè volonte Bondye, pou priyè moun ki te pase yo, moun ki te sen yo, kapab akonpli daprè lafwa yo—

15 Wi, yon ti istwa konsènan sa k te pase depi lè Leyi te kite Jerizalèm, jouk kounyeya.

16 Se poutèt sa, m ekri istwa m yo daprè rejis moun ki te la anvan m yo te ekri depi lè m te fèt;

17 Epi, apre sa, m ^aekri bagay m te wè avèk je pa m.

5 ^{4a} GE Libète.
7a 3 Ne. 2:8.
8a 3 Ne. 26:6-12.
9a Ela. 3:13-15.

12a Mòm. 1:1-5.
^b Mozya 18:4;
Alma 5:3.
14a Enòs 1:13-18;

D&A 3:19-20.
17a Mòm. 1:1.

18 Epi, m konnen istwa m ap ekri yo jis e yo se verite; men, gen anpil bagay nou pa kapab “ekri daprè lang nou.

19 Epi kounyeya, m sispann pale pou tèt pa m; m kòmanse pale konsènan bagay ki te la anvan m yo.

20 M se Mòmou, m se yon vrè desandan Leyi. M gen rezon pou m beni non Bondye m nan ak sovè m nan, Jezikri, pou-tèt li te wete zansèt nou yo nan peyi Jerizalèm nan (“pèsounn pa t konn sa, eksepte limenm ak moun yo li te retire nan peyi a) e li te ban mwen ak pèp mwen an anpil konesans pou sove nanm nou.

21 Tout bon, li te beni “kay ^bJakòb la, epi li te gen “mizèrikòd pou desandan Jozèf yo.

22 Epi, “toutotan pitit Leyi yo te respekte kòmandman l yo, li te beni yo, e li te fè yo pwospere daprè pawòl li.

23 Wi, epi tout bon l ap mennen yon “rès nan desandan Jozèf yo nan ^bkonesans Senyè Bondye yo a.

24 Epi, menm jan Senyè a vivan tout bon an, l ap “rasanble nan kat kwen tè a, tout rès desandan Jakòb yo ki dispèse sou tout sifas tè a.

25 Epi, menm jan l te fè alyans avèk tout kay Jakòb la, se konsa alyans li te fè avèk kay Jakòb la pral akonpli nan tan pa l pou l “restore tout kay

Jakòb la nan konesans alyans li te fè avèk yo a.

26 Epi, lè sa a, yo pral “konnen redanmtè yo a ki se Jezikri, Pitit Gason Bondye a; e lè sa a, yo pral rasanble sòti nan kat kwen tè a, pou y ale nan pwòp peyi pa yo a, kote yo te sòti a; wi, menm jan Senyè a vivan, se konsa sa ap fèt. Amèn.

CHAPIT 6

Nefit yo pwospere—lògèy, richès epi distenksyon klas tabli—Legliz la separe anba divizyon—Satan kondi pèp la nan rebelyon aklè—Anpil pwofèt preche repantans e yo asasinen yo—Asasen yo fè konplo pou yo pran gouvènman an. Anviwon 26–30 APRÈ JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, tout pèp Nefit yo te retounen sou tè pa yo nan vennsizyèm ane a, chak gason ak fanmi li, mouton l yo, cheval li yo, bèf li yo, ak tout kalite bèt li yo, ak tout sa ki te pou yo.

2 Epi, se te konsa, yo pa t manje tout pwovizyon yo; se poutèt sa, yo te pran tout sa yo pa t manje nan tout kalite pwovizyon yo, lò yo, lajan yo, ak tout kalite bagay chè yo, epi yo te retounen sou tè yo te posede nan nò ak nan sid, e nan peyi nò ak nan peyi sid la.

3 Epi, vòlè yo ki te fè alyans pou kenbe lapè nan peyi a, sa yo ki te vle kenbe nasyonalite

18a Etè 12:25.

20a 1 Ne. 4:36.

21a GE Izrayèl.

b Jen. 32:28.

c Det. 33:13–17.

22a 2 Ne. 1:20.

23a Alma 46:24.

b 2 Ne. 3:12.

24a GE Izrayèl—

Rasanbleman

Izrayèl la.

25a 3 Ne. 16:5.

26a 2 Ne. 30:5–8;

3 Ne. 20:29–34.

Lamanit la, pou yo rete nan tè yo daprè kantite yo, Nefit yo te ba yo dwa pou yo travay, pou yo kapab okipe tè yo; se konsa yo te tabli lapè nan peyi a.

4 Epi, yo te kòmanse pwospere ankò, yo te kòmanse grandi; vennsizyèm ak vennsetyèm ane a te pase, te gen anpil lòd nan peyi a; e yo te fòme lalwa yo nan egalite ak nan lajistis.

5 Epi kounyeya, pa t gen anyen nan tout peyi a pou anpeche pèp la pwogrese tout tan, eksepte si yo ta tonbe nan transgresyon.

6 Epi, se te Jidjidoni ak Lakoneyis, jij la, ak moun yo te lonmen dirijan yo ki te tabli gwo lapè sa a nan peyi a.

7 Epi, se te konsa, yon pakèt nouvo vil te bati, epi yon pakèt ansyen vil te repare.

8 Yo te asfalte anpil gran ri, e yo te fè anpil wout, ki te mennen sòti nan yon vil al nan yon lòt, nan yon peyi al nan yon lòt, e soti nan yon kote al nan yon lòt.

9 Se konsa ventuityèm ane a te pase, epi pèp la te gen lapè tout tan.

10 Men, se te konsa, nan ventevyèm ane a, te kòmanse gen kèk diskisyon nan pami pèp la; epi kèk moun nan pami pèp la te gonfle avèk "lògèy, ak louwanj poutèt anpil richès yo, wi, te menm gen gwo pèsèkisyon;

11 Paske, te gen anpil komèsan nan peyi a, ak anpil avoka, ak anpil biwokrat.

12 Epi, pèp la te kòmanse distenge daprè ran sosyal, daprè

"richès yo ak chans yon moun te genyen pou l gen enstriksyon; wi, kèk moun te iyoran poutèt yo te pòv, epi kèk lòt moun te resevwa anpil enstriksyon poutèt richès yo.

13 Kèk moun te chaje avèk lògèy, epi kèk lòt te gen anpil imilite; gen kèk ki te joure moun ki te joure yo, pandan kèk lòt moun te anba jouman, ak "pèsèkisyon, ak tout kalite afliksyon san yo pa vin ^brevòlte ankò, men, yo te rete enb epi pasyan devan Bondye.

14 Se konsa te tèlman kòmanse gen inegalite nan tout peyi a, legliz la te kòmanse kraze; wi, konsa, nan trantiyèm ane a, legliz la te kraze nan tout peyi a, eksepte nan pami kèk Lamanit ki te konvèti nan vrè lafwa a; yo pa t kite l, paske yo te fèm, yo te mache dwat, moun pa t kapab souke yo, yo te vle respekte kòmandman Senyè a avèk "diligans.

15 Men sa k te lakòz inikite pèp la—Satan te gen gwo pouvwa, jistan li te pouse pèp la fè tout kalite inikite, li te gonfle yo avèk lògèy, li te tante yo pou yo chèche gen pouvwa, otorite ak richès ak bagay san valè ki nan mond lan.

16 Se konsa Satan te detounen kè pèp la pou yo fè tout kalite inikite; se poutèt sa, yo te jwi lapè sèlman pou kèk ane.

17 Se konsa, nan kòmansman trantiyèm ane a—pèp la yo te livre pandan lespas anpil tan

6 10a GE Lògèy.
12a 1 Tim. 6:17–19;
Ela. 4:12.

13a GE Pèsèkisyon,
pèsèkite.
b Mat. 5:39;

4 Ne. 1:34;
D&A 98:23–25.
14a GE Diligans.

pou “tantasyon dyab la te mennen yo nenpòt kote l te vle, e pou l te fè yo fè nenpòt inikite li te vle yo fè—konsa, nan kòmansman trantye m ane a, yo te nan yon eta mechanste terib.

18 Kounyeya, yo pa t peche nan ^aiyorans, yo te konnen sa Bondye te vle yo fè, paske yo te aprann sa; se poutèt sa, yo te ^brevòlte kont Bondye avèk pwòp volonte pa yo.

19 Epi kounyeya, se te nan epòk Lakoneyis, pitit gason Lakoneyis la; paske, Lakoneyis te ranplase papa l nan fotèy jijman an, e li te gouvènè pèp la nan ane sa a.

20 Epi, te kòmansé gen moun ki te resevwa ^aenspirasyon nan syèl la, ki te vin kanpe nan pami pèp la, nan tout peyi a, yo te preche e yo te temwaye peche ak inikite pèp la kareman, e yo te temwaye pèp la konsènan redanmsyon Senyè a gen pou l fè pou pèp li a, oubyen rezirèksyon Kris la; e yo te temwaye kareman konsènan ^blanmò l ak soufrans li.

21 Kounyeya, te gen anpil moun nan pami pèp la ki te fache anpil poutèt moun yo ki te temwaye konsènan bagay sa yo; moun ki te fache yo se te gran jij, ak ^agran prèt ak avoka; wi, tout avoka yo te fache kont moun yo ki te temwaye konsènan bagay sa yo.

22 Kounyeya, pa t gen onkenn

avoka, ni jij, ni gran prèt ki te gen pouvwa kondane okenn moun pou l mouri, eksepte si gouvènè peyi a te siyen kondanasyon an.

23 Kounyeya, gen anpil nan moun ki te temwaye konsènan Kris la, ki te temwaye kareman; jij yo te pran yo, touye yo an kachèt, e gouvènè peyi a te vin konnen sa lè yo te fin mouri.

24 Kounyeya gade, se te kont lalwa peyi a pou yon nonm t pase anba lanmò san gouvènè peyi a pa t bay otorizasyon—

25 Se poutèt sa, yon plent te vin jwenn gouvènè peyi a, nan peyi Zarayemla a kont jij ki te kondane pwofèt Senyè yo a anba lanmò kont lalwa a.

26 Kounyeya, se te konsa, yo te pran yo, e yo te mennen yo devan jij la, pou l jije krim yo te fè a, dapre ^alalwa pèp la te tabli a.

27 Kounyeya, se te konsa, jij sa yo te gen anpil zanmi ak fanmi; epi rès yo, wi, menm prèske tout avoka ak gran prèt yo te mete ansanm ak fanmi jij yo ki te gen pou pase anba jijman dapre lalwa a.

28 Epi, yo te fè alyans youn ak lòt, wi, menm alyans yo te resevwa nan tan lontan an, ^aalyans ^bdyab la te ba yo a, e li te administrè, pou yo fè kò kont tout lajistis.

29 Se poutèt sa, yo te mete an-

17a GE Tantasyon, tante.

18a Mozya 3:11.

b GE Rebelyon.

20a GE Enspirasyon, enspire;

Pwofèt.

b GE Ekspyasyon, ekspye; Krisifiksyon.

21a D&A 121:36–37.

GE Apostazi.

26a Mozya 29:25;

Alma 1:14.

28a GE Konbinezon sekre.

b Ela. 6:26–30.

sanm kont pèp Senyè a, yo te fè alyans pou detwi yo, pou yo delivre asasen yo anba men lajistis ki te gen pou l fèt daprè lalwa a.

30 Epi, yo te defye lalwa ak dwa peyi yo a; yo te fè alyans youn ak lòt pou yo touye gouvènè a, pou yo tabli yon “wa alatèt peyi a, pou peyi a pa gen libète ankò, men, pou l soumèt anba men wa a.

CHAPIT 7

Yo asasinen jij anchèf la, gouvènman an detwi, e pèp la divize an tribi—Jakòb, yon antekris vin tounen wa yon konbinezon sekrè—Nefi preche repantans ak lafwa nan Kris la—Zanj sèvi l chak jou, e li leve frè li a anba lanmò—Anpil moun repanti e yo batize. Anviwon 30–33 APRE JEZIKRI.

KOUNYEYA gade, m ap montre nou, yo pa t tabli yon wa alatèt peyi a, men, nan menm ane sa a, yo te fè destriksyon nan fotèy jijman an, wi, yo te asasinen jij anchèf peyi a.

2 Epi, pèp la te divize youn kont lòt, yo te separe youn ak lòt an tribi, chak moun daprè fanmi l, ak zanmi l, e konsa yo te detwi gouvènman peyi a.

3 Epi, chak tribi te lonmen yon chèf oubyen yon dirijan alatèt li; se konsa yo te vin tounen tribi ak chèf tribi.

4 Kounyeya gade, pa t gen yon nonm nan pami yo ki pa t gen anpil fanmi ak anpil zanmi; se

poutèt sa, tribi yo te vin gwo anpil.

5 Kounyeya, tout bagay sa yo te fèt e patko gen lagè nan pami yo; epi tout inikite sa a te vini nan pami pèp la paske yo te “livre tèt yo bay pouvwa Satan.

6 Epi, regleman gouvènman an te detwi poutèt “konbinezon sekrè zanmi ak fanmi moun ki te touye pwofèt yo.

7 Epi, yo te tèlman lakòz yon pakèt chirepit nan pami pèp la, pifò moun ki te jis yo nan pami pèp la te prèske vin mechan nèt; wi, te gen yon ti kras moun ki te jis nan pami yo.

8 Epi konsa, sis ane pa t pase depi plis moun nan pami pèp la te vire do bay lajistis, menm jan avèk yon chen ki retounen nan “vomi l, oubyen menm jan avèk yon kochon k ap benyen nan labou.

9 Kounyeya, konbinezon sekrè sa a ki te rale tout inikite sa a sou pèp la te rasanble yo ansanm, e li te mete yon nonm ki rele Jakòb pou dirije yo;

10 Epi, yo te rele l wa; se poutèt sa, li te vin tounen wa alatèt bann mechan sa yo; e li te youn nan moun ki te pale kont pwofèt yo ki te temwaye konsènan Jezi a.

11 Epi, se te konsa, yo pa t anpil menm jan avèk tribi pèp ki te reyini ansanm nan, eksepte dirijan yo ki te tabli lalwa pou yo, pou chak moun daprè tribi li a; men, yo te ènmi; malgre yo pa t yon pèp ki jis, yo te mete ansanm pou

30a 1 Sam. 8:5–7;

Alma 51:5.

7 5a Wom. 6:13–16;

Alma 10:25.

6a 2 Ne. 9:9.

8a Pwov. 26:11;

2 Pyè 2:22.

rayi sa yo ki te fè alyans pou yo detwi gouvènman an.

12 Se poutèt sa, Jakòb te wè ènmi yo plis pase pèp li a, li te wa gwoup la, se poutèt sa, li te kòmande pèp li a pou yo kouri al nan pati nò peyi a, pou yo bati yon “wayòm, jistan rebèl vin jwenn yo, (paske li te flate yo pou anpil fè rebelyon) yo te vin anpil ase pou yo te goumen avèk bann tribi yo, e yo te fè sa.

13 Epi, yo te tèlman mache vit, moun pa t kapab rete yo jistan yo te mache jwenn pèp la. Se konsa trantiyèm ane a te pase e se konsa sitiyasyon pèp Nefi a te ye.

14 Epi, se te konsa, nan trantheyinyèm ane a, yo te divize an tribi, chak moun selon fanmi l ak zanmi l yo; yo te pwomèt pou yo pa fè lagè youn ak lòt; men yo pa t gen menm lalwa ak sistèm gouvènman, paske, yo te tabli dapre panse moun ki te chèf ak dirijan yo. Men, yo te tabli lalwa sevè pou yon tribi pa pran pye sou yon lòt; tèlman sa, yo te yon jan gen lapè nan peyi a; men, kè yo te lwen Senyè Bondye yo a, yo te lapide pwofèt yo avèk kout wòch, e yo te chase pwofèt yo nan pami yo.

15 Epi, se te konsa, zanj te vizite “Nefi, e li te tandè vwa Senyè a; se poutèt sa, kòm li te wè zanj yo, li te temwen avèk je pa l, li te resevwa pouvwa pou l kapab konnen konsènan travay Kris la, e li te temwen jan yo retounen vit soti nan lajistis pou

yo tonbe nan mechanste ak abominasyon an.

16 Se poutèt sa, nan afliksyon l pou jan kè yo te di ak jan panse yo te avèg—li t ale nan pami yo nan menm ane sa a, e li te kòmanse temwaye yo repantans kareman ak remisyon pou peche yo pa mwayen lafwa nan Senyè Jezikri.

17 Epi, li te preche yo anpil bagay; tout bagay sa yo pa t kapab ekri, e yon pati ladan yo pa t ap ase; se poutèt sa, yo pa t ekri nan liv sa a. Epi Nefi te preche avèk “pouvwa e avèk anpil otorite.

18 Epi, se te konsa, yo te fache kont li, menm poutèt li te gwo ak pi gwo pouvwa pase yo; paske, li “pa t posib pou yo pa ta kwè pawòl li yo, paske lafwa li te tèlman gwo nan Senyè Jezikri, zanj te sèvi l chak jou.

19 Epi, nan non Jezi, li te chase dyab yo ak “lespri sal yo; li te menm leve frè l la nan pami mò yo apre pèp la te fin lapide l avèk kout wòch, e li te fin soufri lanmò anba men yo.

20 Epi, pèp la te wè sa, yo te temwen bagay sa a, e yo te fache kont li poutèt pouvwa l; e li te fè “anpil lòt mirak devan je pèp la, nan non Jezi.

21 Epi, se te konsa, trantheyinyèm ane a te pase, te gen sèlman yon tikras ki te konvèti nan Senyè a; men, tout moun ki te konvèti, yo te montre pèp la toutbon, yo te resevwa vizit pouvwa ak Lespri Bondye ki te nan Jezikri yo te kwè a.

12a 3 Ne. 6:30.

15a 3 Ne. 1:2.

17a GE Pouvwa.

18a 2 Ne. 33:1;

Alma 4:19.

19a GE Lespri—Move

lespri.

20a 3 Ne. 8:1.

22 Epi, tout moun ki te gen dyab soti sou yo, e ki te geri anba maladi yo ak domaj yo, yo te temwaye pèp la toutbon Lespri Bondye te tonbe sou yo, e yo te geri; yo te montre siy tou, e yo te fè kèk mirak nan pami pèp la.

23 Konsa trant-dezyèm ane a te pase tou. Epi, Nefi te kriye bay pèp la nan kòmansman trant-twazyèm ane a, epi li te preche yo repantans ak remisyon pou peche yo.

24 Kounyeya m ta vle fè nou sonje tou, pa t gen youn ki te vini nan repantans ki pa t "batize avèk dlo.

25 Se poutèt sa, Nefi te òdone moun nan travay sa a pou tout moun ki te vin jwenn yo kapab batize avèk dlo kòm temwen, pou yo temwaye devan Bondye ak devan pèp la, yo te repanti, epi yo te resevwa "remisyon pou peche yo.

26 Epi, te gen anpil moun nan kòmansman ane sa a ki te batize pou repantans, e se konsa plis jou nan ane a te pase.

CHAPIT 8

Tanpèt, tranbleman tè, dife, tou-biyon, ak yon chanjman nan tè a pwouve krisifiksyon Kris la—Anpil moun detwi—Fènwa kouvri tè a pandan twa jou—Moun ki te rete yo ap plenyen sò yo. Anviwon 33–34 APRE JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, sa te

pase daprè rejis nou yo, e nou konnen rejis nou yo vre paske gade se yon nonm ki jis ki te kenbe rejis yo—paske, li te reyèlman fè anpil "mirak nan ^bnon Jezi; e pa t gen okenn moun ki ta kapab fè yon mirak nan non Jezi si l pa t lave nèt anba inikite l yo—

2 Epi kounyeya, se te konsa, si nonm sa a pa t fè erè nan kalkil tan nou yo, "trant-twazyèm ane a te pase;

3 Epi pèp la te kòmanse ret tann siy pwofèt Samyèl, Lama-nit la te bay yo avèk kè sote, wi pou lè t ap gen "fènwa pou twa jou nan tout peyi a.

4 Epi te kòmanse gen gwo dout ak diskisyon nan pami pèp la, malgre tout kantite "siy yo te resevwa.

5 Epi, se te konsa, nan katrityèm jou premye mwa ki te nan trant-katrityèm ane a, yon gwo van te leve, yon kalite van moun pa t janm konn wè nan tout peyi a.

6 Epi tou, te tèlman gen yon gwo tanpèt terib, e te senyen yon "loray tèrib li te ^bsouke tout tè a kòm si l ta pral fann fè de.

7 Epi te gen yon kalite gwo zèklè moun pa t janm konn wè nan tout peyi a.

8 Epi "vil Zarayemla a te pran dife.

9 Epi vil Mowoni an te nwaye anba pwofondè lanmè a, e abitan l yo te nwaye.

24a GE Batèm, batize.

25a D&A 20:37.
GE Remisyon
peche yo.

8 1a 3 Ne. 7:19–20;
Mòm. 9:18–19.

b Tra. 3:6;

Jakòb 4:6.

2a 3 Ne. 2:8.

3a 1 Ne. 19:10;

Ela. 14:20, 27;

3 Ne. 10:9.

4a GE Krisifiksyon.

6a 1 Ne. 19:11;

Ela. 14:21.

b Mat. 27:45, 50–51.

8a 4 Ne. 1:7–8.

10 Epi tè a te kouvri vil Mowoniya a jistan te vin gen yon gwo montay nan plas vil la.

11 Epi te gen yon gwo destriksyon terib nan zòn sid la.

12 Men gade, te gen yon pi gwo destriksyon terib nan zòn nò a; paske, gade tout tè a te chanje, poutèt tanpèt ak toubiyon yo, ak loray ak zeklè yo, e poutèt tout tè a ki t ap tranble byen fò;

13 Epi “gran ri yo te kraze, wout byen apla yo te andomaje e anpil kote swa te vin grajgraj.

14 Epi anpil gwo vil remakab te “nwaye, anpil te boule, anpil te souke jistan konstriksyon yo te tonbe atè, e abitan yo te mouri, e kote yo te rete san moun.

15 Epi te gen kèk vil ki te rete; men yo te andomaje anpil, e te gen anpil moun ladan yo ki te mouri.

16 Epi toubiyon te pote anpil moun ale; e pèsonn pa t konnen kote yo t ale, eksepte moun yo toubiyon yo te pote ale a.

17 Epi konsa, tout tè a te defòme, akoz tanpèt yo, ak loray yo, ak zeklè yo, e ak tranbleman tè a.

18 Epi gade, “wòch yo te fann fè de bout; yo te tèlman kraze sou tout tè a, moun te wè yo fè myèt, fann sou tout tè a.

19 Epi, se te konsa, lè loray yo, ak zeklè yo, ak van an, ak tanpèt la, ak tranbleman tè yo te sispann—paske, gade yo te dire “twa zè konsa; e kèk moun te di

yo te dire pi lontan; men, tout gwo bagay terib sa yo te pase pandan twazè apeprè—epi bris-keman te gen fènwa nan tout peyi a.

20 Epi, se te konsa, tèlman fènwa a te epè nan tout peyi a, moun ki pa t mouri yo te kapab “santi *b*vapè fènwa a.

21 Epi pa t kapab gen limyè, poutèt fènwa a, ni balèn, ni bwa dife; ni tou, dife pa t kapab limen avèk bwa rafine ekstrèmman sèch, yo te genyen yo; konsa, pa t kapab gen onkenn limyè ditou;

22 Epi moun pa t wè okenn limyè, ni dife, ni reyon limyè, ni solèy, ni lalin, ni zetwal, tèlman vapè fènwa a te epè nan peyi a.

23 Epi, se te konsa, pa t gen limyè pandan “twa jou; Epi te gen lamantasyon ak kriye nan pami pèp la san rete; wi, pèp la te bougonnen anpil, poutèt fènwa ak gwo destriksyon ki te tonbe sou yo.

24 Epi nan yon zòn moun te tande y ap kriye, yo te di konsa: O, si nou te repanti anvan gwo jou terib sa a, frè nou yo t ap epaye, e yo pa t ap boule nan gwo vil “Zarayemla a.

25 Epi nan lòt zòn, moun te tande yo ap kriye, plenyen, yo te di konsa: O, si nou te repanti anvan gwo jou terib sa a, e si nou pa t touye, lapide pwofèt nou yo, si nou pa t chase yo, manman nou ak bèl pitit fi nou yo ak pitit nou yo t ap epaye, e yo pa ta p antere nan gwo vil

13a Ela. 14:24;

3 Ne. 6:8.

14a 1 Ne. 12:4.

18a Ela. 14:21–22.

19a Lik 23:44.

20a Egz. 10:21–22.

b 1 Ne. 12:5; 19:11.

23a 1 Ne. 19:10.

24a Ela. 13:12.

Mowoniya a. Epi se konsa pèp la te plenyen anpil.

CHAPIT 9

Nan fènwa a, vwa Kris la pwo-klame destriksyon anpil moun ak vil poutèt mechanste yo—Li pwo-klame divinite Li, Li anonse lalwa Moyiz la akonpli, epi Li envite lè-zòm vin jwenn Li pou yo kapab sove. Anviwon 34 APRE JEZIKRI.

EPI, se te konsa, tout moun ki te rete sou tè a te tande yon “vwa nan tout peyi a ki te di:

2 Malè, malè, malè pou pèp sa a; “malè pou tout moun sou tout tè a si yo pa repanti; paske, dyab la ap ^bri, e zanj li yo ap rejwi, poutèt bèl pitit gason ak pitit fi pèp mwen yo ki te mouri a; e yo te tonbe poutèt inikite yo ak abominasyon yo!

3 Gade, m te boule gwo vil Zarayemla a ak moun ki te ladan l yo.

4 Epi gade, m te koule gwo vil Mowoni an anba lanmè, epi m te nwaye moun ki te rete ladan l yo.

5 Epi gade, m te kouvri gwo vil Mowoniya a ak moun ki te rete ladan l yo anba tè, pou m kapab bare inikite yo ak abominasyon yo devan je m, pou san pwofèt yo ak san sen yo pa pote m plent pou yo ankò.

6 Epi gade, m te koule vil Gilgal la, e m te antere moun ki te rete ladan l yo anba tè a;

7 Epi wi, vil Oniya a ak moun ki te rete ladan l yo, vil Mokoum

nan ak moun ki te rete ladan l yo, e vil Jerizalèm nan ak moun ki te ladan l yo; m te fè “dlo yo a monte pou kache mechanste yo ak abominasyon yo devan je m, pou san pwofèt yo ak san sen yo pa monte pote m plent kont yo ankò.

8 Epi gade, vil Gadyandi a, vil Gadyomna a, vil Jakòb la, ak vil Jimjimno a, m te koule yo tout, e m te mete “kolin ak vale yo nan plas yo; e m te antere moun yo nan pwofondè tè a pou m kache mechanste yo ak abominasyon yo devan je m, pou san pwofèt yo ak san sen yo pa monte kote m kont yo ankò.

9 Epi gade, m te boule gwo vil Jakòbigat la, kote pèp wa Jakòb la te rete a avèk dife, poutèt peche yo ak mechanste yo ki te plis pase mechanste tout tè a, poutèt asasina “ansekrè ak konbinezon yo; paske, se yo menm ki te detwi lapè pèp mwen an ak gouvènman peyi a; se poutèt sa, m te boule yo pou m ^bdetwi yo devan je m, pou san pwofèt yo ak san sen yo pa monte pote m plent kont yo ankò.

10 Epi gade vil Laman an, vil Jòch la, vil Gad la ak vil Kichkimèn nan, m te boule yo ak moun ki te rete ladan yo nan dife, poutèt mechanste yo te fè lè yo te chase pwofèt yo, epi yo te lapide yo, avèk kout wòch, moun yo mwen te voye pou pale yo konsènan mechanste ak abominasyon yo a.

9 1a 1 Ne. 19:11;
3 Ne. 11:10.
2a Mat. 11:20-21.

b Moyiz 7:26.
7a Ezek. 26:19.
8a 1 Ne. 19:11.

9a Ela. 6:17-18, 21.
b Mozya 12:8.

11 Epi, poutèt yo te chase yo tout pou kapab pa t gen okenn moun ki jis nan pami yo, m te voye “dife desann pou detwi yo, pou mechanste ak abominasyon yo te kapab kache devan je m, pou san pwofèt yo ak san sen yo m te voye nan pami yo a te kapab pa kriye ^banba tè a, pou pote m plent kont yo ankò.

12 Epi m te voye “anpil gwo destriksyon nan peyi sa a ak sou pèp sa a, poutèt mechanste ak abominasyon yo.

13 O, nou menm ki “epaye paske nou te pi jis pase yo, èske nou p ap retounen vin jwenn mwen, e repanti nan peche nou, konvèti pou m kapab ^bgeri nou?

14 Wi, anverite, m di nou, si nou “vin jwenn mwen, n ap gen ^blavi etènèl. Gade, “ponyèt mizèrikòd mwen lonje ba nou, nenpòt moun ki vini m ap resevwa l, epi moun ki vin jwenn mwen, y ap beni.

15 Gade, m se Jezikri, Pitit Gason Bondye a. M “te kreye syèl la, tè a ak tout sa ki ladan yo. m te avèk Papa a depi nan kòmansman. ^bM nan Papa a, e Papa a nan mwen; e Papa a te glorifye non l nan mwen.

16 M te vin jwenn moun mwen yo, e moun mwen yo “pa t resevwa m, epi ekriti ki te pale konse nan mwen yo te akonpli.

17 Epi, tout moun ki te resevwa m, m te “fè yo vin tounen pitit Bondye; e m ap fè sa pou tout moun ki kwè nan non m, paske gade, se mwen menm ki pote ^bredanmsyon an, e se nan mwen “lalwa Moyiz la akonpli.

18 M se “limyè ak lavi mond lan, m se ^bAlfa ak Omega, kòmansman an ak finisman an.

19 Epi, pa ofri m pou san koule “ankò, wi, sakrifis ak olo-kòs nou yo fini, paske, m p ap aksepté okenn nan sakrifis ak olo-kòs nou yo.

20 Epi, ofri m yon kè brize ak yon lespri kontri kòm “sakrifis. Epi, nenpòt moun ki vin jwenn mwen avèk yon kè dou, ak yon lespri kontri, m ap ^bbatize l avèk dife epi avèk Sentespri a, menm jan avèk Lamanit yo, poutèt lafwa yo nan mwen lè yo t ap konvèti a, yo te batize avèk dife, epi avèk Sentespri a, e yo pa t konn sa.

21 Gade m te vini nan mond lan pou m pote redanmsyon nan mond lan, pou m sove mond lan anba peche.

11a 2 Wa 1:9–16;

Ela. 13:13.

^b Jen. 4:10.

12a 3 Ne. 8:8–10, 14.

13a 3 Ne. 10:12.

^b Jer. 3:22;

3 Ne. 18:32.

14a 2 Ne. 26:24–28;

Alma 5:33–36.

^b Jan 3:16.

^c Alma 19:36.

15a Jan 1:1–3;

Kol. 1:16;

Ela. 14:12;

Etè 4:7;

D&A 14:9.

^b Jan 17:20–22;

3 Ne. 11:27; 19:23, 29.

16a Jan 1:11;

D&A 6:21.

17a Jan 1:12.

GE Lèzòm, lòm—

Lòm, gen potansyalite

pou vin tankou Papa

Bondye;

Pitit gason ak

pitit fi Bondye.

^b GE Redanmtè,

restablisman,

redanmsyon.

^c 3 Ne. 12:19, 46–47;

15:2–9.

18a GE Limyè, limyè Kris.

^b Apok. 1:8.

GE Alfa ak Omega.

19a Alma 34:13.

20a 3 Ne. 12:19;

D&A 20:37.

^b 2 Ne. 31:13–14.

22 Se poutèt sa, tout moun ki “repanti e ki vin jwenn mwen tankou yon ^btimoun piti, m ap resevwa l; paske, se pou moun konsa wayòm Bondye a ye. Gade, se pou moun konsa m ^cte bay lavi m, e m te rebran lavi m ankò; se poutèt sa, repanti, vin jwenn mwen, tout kwen tè a, te vin sove.

CHAPIT 10

Gen silans nan peyi a pandan yon pakèt tan—Vwa Kris la pwomèt pou L rasanble pèp Li a menm jan yon manman poul rasanble ti poul li yo—pati ki pi jis nan pèp la te prezève. Anviwon 34–35 APRE JEZIKRI.

Epi kounyeya, reyèlman, se te konsa, tout moun nan peyi a te tandè pawòl sa yo, e yo te temwen. Epi apre pawòl sa yo, te gen silans nan peyi a pandan anpil tan;

2 Paske tèlman pèp la te etone anpil, yo te sispann plenyen ak bougonnen poutèt fanmi yo ki te mouri; se poutèt sa, te gen silans nan tout peyi a pandan anpil tan.

3 Epi, se te konsa, te gen yon vwa ki te vin jwenn pèp la ankò; tout pèp la te tandè l e yo te temwen; vwa a te di:

4 O, nou menm pèp ^agwo vil sa yo ki te tonbe a, ki se desandan Jakòb la, wi, ki se kay Izrayèl la, konbyen fwa m te rasanble nou

menm jan yon manman poul rasanble ti poul li yo anba zèl li, e m ^bte nourri nou.

5 Epi ankò, “konbyen fwa pou m ta rasanble nou menm jan yon manman poul rasanble ti poul li yo anba zèl li; wi, O, nou menm pèp kay Izrayèl la ki te tonbe a; wi, O nou menm pèp kay Izrayèl la, nou menm ki rete nan Jerizalèm tankou moun sa yo ki te tonbe a; wi, konbyen fwa m te rasanble w menm jan yon manman poul rasanble ti poul li yo, epi nou pa t vle.

6 O, kay Izrayèl la, nou menm mwen te ^aepaye a, konbyen fwa m ap rasanble nou, menm jan yon manman poul rasanble ti poul li yo anba zèl li, si nou repanti, e si nou ^bretounen vin jwenn mwen avèk tout ^ckè nou.

7 Men, si se pa sa, O, kay Izrayèl la, kote nou rete a ap vin vid jistan ^aalyans zansèt nou yo akonpli.

8 Epi kounyeya, se te konsa, lè pèp la te fin tandè pawòl sa yo, yo te kòmanse kriye ak bougonnen ankò poutèt fanmi yo ak zanmi yo ki te pèdi.

9 Epi, se konsa twa jou yo te pase. Epi se te nan maten, e ^atenèb la te disparèt tikras pa tikras sòti sou sifas tè a, tè a te sispann tranble, wòch yo te sispann fann, move loray yo te sispann gwonde, epi tout gwo bri yo te pase.

22a GE Repantans, repanti.
b Mak 10:15;
Mozya 3:19;
3 Ne. 11:37–38.
c Jan 10:15–18.

10 4a 3 Ne. 8:14.
b 1 Ne. 17:3;
5a Mat. 23:37;
D&A 43:24–25.
6a 3 Ne. 9:13.
b 1 Sam. 7:3;

Ela. 13:11;
3 Ne. 24:7.
c Ezek. 36:26.
7a GE Alyans.
9a 3 Ne. 8:19.

10 Epi, tè a te ranmase kò l ankò, li te rete fèm; plenyen, ak kriye, ak griyen dan pèp la ki te pwoteje a te sispann; plenyen yo te vin tounen lajwa, e lamantasyon yo te vin tounen louwanj ak remèsiman pou Senyè a, Jezikri, Redanmtè yo a.

11 Epi konsa, ekriti pwofèt yo te pale yo te “akonpli.

12 Epi, se te pati ki te “pi jis nan pèp la ki te sove, se te moun ki te resevwa pwofèt yo e ki pa t lapide yo avèk kout wòch yo; e se te moun ki pa t fè san sen yo koule yo ki te epaye—

13 Epi, yo te epaye; yo pa t desann antere anba tè a; yo pa t nwaye anba fon lanmè; dife pa t boule yo, ni tou, anyen pa t tonbe krazè yo pou yo te mouri; toubiyon pa t pote yo ale, ni tou, vapè lafimen ak fènwa pa t kou-vri yo.

14 Epi kounyeya, nenpòt moun ki li, se pou l konprann; moun ki gen ekriti yo, se pou l “fouye yo pou l wè, pou l kontanple si tout lanmò ak destriksyon sa yo anba dife, lafimen, tanpèt, toubiyon, ak tè a ki ^blou-vri pou resevwa yo, ak tout bagay sa yo pa t fèt pou akonpli pwofesi anpil nan pwofèt ki te sen yo.

15 Gade, m ap di nou, wi anpil moun te temwaye konsènan bagay sa yo lè Kris la ap vini; yo te “mouri poutèt yo te temwaye konsènan bagay sa yo.

16 Wi, pwofèt “Zenòs te temwaye konsènan bagay sa yo, epi tou, Zenòk te pale konsènan bagay sa yo; paske, yo te temwaye espesyalman konsènan nou menm ki se yon rès nan desandan yo.

17 Gade, papa nou, Jakòb te temwaye tou konsènan yon “rès desandan Jozèf. Epi èske nou pa yon rès desandan Jozèf? Epi, bagay sa yo ki te temwaye konsènan nou menm nan, èske yo pa t ekri sou plakderen papa nou an, Leyi te pote soti nan Jerizalèm nan?

18 Epi, se te konsa, nan finisman trant-katriyèm ane a, m ap montre nou pèp Nefi a ki te epaye ak moun ki te rele Lamanit yo tou, ki te epaye, m ap montre nou kòman yo te gen gwo favè ak gwo benediksyon sou tèt yo, konsa sa, apre Kris la te fin “montrè nan syèl la, li te fè yo wè l reyèlman—

19 Li te “montre yo kò l, li te preche yo; m ap rakonte istwa travay li apre sa. Men, kounyeya, m sispann pale.

Jezikri te fè pèp Nefi a wè l, pandan foul la te rasanble ansanm nan peyi Abondans la, e li te preche yo; epi se konsa li te fè yo wè l.

Depi nan chapit 11 jouk nan finisman chapit 26.

11a Tra. 3:18-20.

12a 2 Ne. 26:8;

3 Ne. 9:13.

14a GE Ekriti yo—

Valè ekriti yo.

b 1 Ne. 19:11;

2 Ne. 26:5.

15a GE Matirize, mati.

16a Ela. 8:19-20.

17a 2 Ne. 3:4-5;

Alma 46:24;

3 Ne. 5:23-24.

18a Tra. 1:9-11.

19a 3 Ne. 11:12-15.

CHAPIT 11

Papa a rann temwayaj konsènan Pitit Gason Byenneme Li a—Kris la parèt e Li pwoklame Ekspyasyon Li a—Pèp la touche mak blesi nan pye L ak bò kòt Li yo—Yo kriye Ozana—Li esplike fason ak jan batèm dwe fèt—Se nan dyab la lespri chirepit soti—Doktrin Kris la se pou lèzòm kwè, pou yo batize epi pou yo resevwa Sentespri a. Anviwon 34 APRE JEZIKRI.

Epi kounyeya, se te konsa, yon gwo foul nan moun pèp Nefi a te rasanble ansanm alantou tanp ki te nan peyi abondans la; yo te etone, e youn t ap montre lòt “gwo chanjman etonan ki te fèt.

2 Epi tou, yo t ap pale konsènan moun ki rele Jezikri a, ak “siy ki te temwaye konsènan lanmò li a.

3 Epi, se te konsa, pandan youn t ap pale ak lòt, yo te tandè yon “vwa ki te sanble ki te soti nan syèl la; epi yo te voye je yo tou pa tou, paske yo pa t konprann vwa yo te tandè a; epi li pa t yon vwa wòk, ni tou li pa t yon vwa fò; men, malgre se te yon ^bti vwa, li te tèlman penetre andedan moun ki te tandè l yo, pa t gen yon pati nan kò yo li pa t fè fremi; wi li te penetre jouk nan nanm yo, epi li te chofof kè yo.

4 Epi, se te konsa, yo te tandè

vwa a ankò, e yo pa t konprann li.

5 Epi, yon twazyèm fwa yo te tandè vwa a ankò, e yo te louvri zòrèy yo pou yo tandè l; e je yo te nan direksyon son an; epi yo te fikse je yo pou gade syèl la, kote vwa a t ap sòti a.

6 Epi, gade, twazyèm fwa a yo te konprann vwa yo te tandè a; e li te di yo:

7 Men “Pitit Gason Byenneme m se ^bnan li m pran plèzi, e se nan li m glorifye non m—koutè l.

8 Epi, se te konsa, kòm yo te konprann, yo te voye je yo anlè a nan direksyon syèl la; epi gade, yo te “wè yon nonm ki t ap desann sòti nan syèl; li te abiye avèk yon wòb blanch; li te desann e li te kanpe nan mitan yo; je tout foul la te vire sou li e yo pa t pran chans louvri bouch yo pou yo menm pale yonn ak lòt, e yo pa t kapab imajine, kisa sa te vle di paske yo te konprann se te yon zanj ki te parèt devan yo.

9 Epi, se te konsa, li te lonje men l e li te pale avèk pèp la, li te di:

10 Gade, m se Jezikri pwofèt yo te temwaye ki gen pou l vin nan mond lan.

11 Epi gade m se “limyè ak lavi mond lan; m te bwè nan ^btas anmè Papa m te ban mwenn an, e m te glorifye Papa m lè m ^cte pran peche mond lan sou tèt mwenn; nan bagay sa a, m te

11 1a 3 Ne. 8:11-14.

2a Ela. 14:20-27.

3a Det. 4:33-36;

Ela. 5:29-33.

b 1 Wa 19:11-13;

D&A 85:6.

7a Mat. 3:17; 17:5;

I—JS 1:17.

b 3 Ne. 9:15.

8a 1 Ne. 12:6;

2 Ne. 26:1.

11a GE Limyè,

limyè Kris.

b Mat. 26:39, 42.

c Jan 1:29;

D&A 19:18-19.

aksepte “volonte Papa m nan tout bagay depi nan kòmansman.

12 Epi, se te konsa, lè Jezi te fin pale pawòl sa yo, tout foul la te tonbe atè a; paske yo te sonje gen “pwofesi nan pami yo ki te fè konnen Kris la t ap fè yo wè l apre l fin monte nan syèl la.

13 Epi, se te konsa, Senyè a te pale avèk yo, li te di yo konsa:

14 Avanse leve vin jwenn mwen, pou nou kapab “mete men nou bò kòt mwen, epi tou pou nou kapab ^btouche mak klou yo nan men m ak nan pye m, pou nou kapab konnen m “se Bondye Izrayèl la, ak Bondye tout ^atè a, e m te mouri pou peche mond lan.

15 Epi, se te konsa, foul la te avanse e yo te mete men yo bò kòt li, e yo te touche mak klou yo nan men l ak nan pye l; e yo te fè sa, yo te avanse yonn apre lòt jistan yo tout te avanse, e yo te wè avèk je yo, e yo te touche avèk men yo, yo te konnen ak asirans, e yo te rann temwayaj, se te konsènan “li menm, pwofèt yo te ekri, ki te gen pou l vini an.

16 Epi, lè yo tout te fin avanse e yo te konnen pou tèt pa yo, yo te rele ansanm, yo te di konsa:

17 Ozana! Se pou non Bondye Ki Pi Wo a beni! Epi yo te tonbe nan pye Jezi e yo te ^aadore l.

18 Epi, se te konsa, li te pale avèk ^aNefi (paske Nefi te nan pami foul la) e li te kòmande l pou l avanse.

19 Epi, Nefi te leve e l te avanse; li te bese devan Senyè a e li te bo pye l.

20 Epi Senyè a te kòmande l pou l leve. Li te leve e li te kanpe devan l.

21 Epi Senyè a te di l: m ba w ^apouvwa pou w ^bbatize pèp sa a lè m retounen monte nan syèl la.

22 Epi, Senyè a te rele ^alòt moun ankò, e li te di yo menm jan an; e li te ba yo pouvwa pou yo batize. Epi li te di yo konsa: Se konsa pou nou batize; e ^bpap gen diskisyon nan pami nou.

23 Anverite m di nou, nenpòt moun ki repanti nan peche li yo poutèt ^apawòl nou yo, e ki ^bvle batize nan non m, se konsa pou nou batize yo—Gade, n ap desann ^ckanpe nan dlo a, e n ap batize yo nan non m.

24 Epi kounyeya gade, men pawòl n ap di, n ap site non yo, e n ap di:

25 Paske m te resevwa ^aotorite nan men Jezikri, m batize w nan non ^bPapa a, ak Pitit Gason an, ak Sentespri a. Amèn.

26 Epi w ap ^aplonje yo anba dlo a, e n ap wete yo nan dlo a.

27 Epi se konsa n ap batize

11 *d* Mak 14:36;
Jan 6:38;
D&A 19:2.
12 *a* Alma 16:20.
14 *a* Jan 20:27.
b Lik 24:36–39;
D&A 129:2.
c Eza. 45:3;
3 Ne. 15:5.
d 1 Ne. 11:6.
15 *a* GE Jezikri—

Aparisyon Kris la
apre lanmò l.
17 *a* GE Adorasyon.
18 *a* 3 Ne. 1:2, 10.
21 *a* GE Pouvw. ^b
b GE Batèm, batize.
22 *a* 1 Ne. 12:7;
3 Ne. 12:1.
b 3 Ne. 18:34.
23 *a* 3 Ne. 12:2.
b GE Batèm, batize—

Kalifikasyon pou
batèm.
c 3 Ne. 19:10–13.
25 *a* Mozya 18:13;
D&A 20:73.
GE Batèm, batize—
Otorite apwopriye.
b GE Bondye, Divinite.
26 *a* GE Batèm, batize—
Batèm pa imèsyon.

nan non m; paske, gade, anverite m ap di nou, Papa a, ak Pitit Gason an, ak Sentespri a fè “youn; e m nan Papa a, e Papa a nan mwen, e Papa a ak mwen fè yon sèl.

28 Epi se jan m kòmande nou an pou nou batize. Epi p ap gen “diskisyon nan pami nou jan sa te konn ye a; ni tou p ap gen diskisyon nan pami nou konsènan pwen doktrin mwen an, jan sa te konn ye a.

29 Paske anverite anverite, m ap di nou, yon moun ki gen “lespri ^bchirepit se pa mwen ki voye l, men se dyab la, ki se papa chirepit, epi li soulve kè lèzòm pou yo goumen nan kòlè youn ak lòt.

30 Gade, se pa doktrin pa m, pou soulve kè lèzòm nan kòlè youn kont lòt; men, doktrin mwen se pou bagay konsa sispann.

31 Gade, anverite anverite, m ap di nou, m ap deklare nou “doktrin mwen an.

32 Epi, men “doktrin mwen an, e se doktrin Papa a te ban mwen; m rann ^btemwayaj konsènan Papa a, e Papa a rann temwayaj konsènan mwen, e “Sentespri a rann temwayaj konsènan Papa a ak mwen; e m rann temwayaj, Papa a kòmande tout moun, tout

kote, pou yo repanti e kwè nan mwen.

33 Epi nenpòt moun ki kwè nan mwen, e ki “batize, moun sa yo ap ^bsove; e se yo k ap “eritye wayòm Bondye a.

34 Epi nenpòt moun ki pa kwè nan mwen, ap kondane.

35 Anverite anverite, m ap di nou, se doktrin mwen an sa, e m rann nou temwayaj se nan Papa a li sòti; e nenpòt moun ki “kwè nan mwen, kwè nan Papa a tou; e Papa a ap rann li temwayaj konsènan m, paske l ap vizite l avèk ^bdife e avèk “Sentespri a.

36 Epi konsa, Papa a ap rann temwayaj konsènan mwen, e Sentespri a ap rann li temwayaj konsènan Papa a ak mwen; paske Papa a ak mwen, ak Sentespri a fè yon sèl la.

37 Epi ankò m di nou, nou dwe repanti, e nou dwe “vin tankou yon timoun piti, e nou dwe batize nan non m oubyen nou pa kapab resevwa bagay sa yo nan okenn fason.

38 Epi ankò, m di nou, nou dwe repanti, batize nan non m e vin tankou yon timoun piti, san sa, nou pa kapab eritye wayòm Bondye a nan okenn fason.

39 Anverite anverite, m ap di nou, se doktrin mwen an sa, e

27a Jan 17:20–22;
3 Ne. 28:10;
Mòm. 7:7;
D&A 20:28.

28a 1 Kor. 1:10;
Efe. 4:11–14;
D&A 38:27.

29a 2 Tim. 2:23–24;
Mozya 23:15.
GE Kontansyon.

b 1js Efe. 4:26
(Apendis);
Mozya 2:32–33.
31a 2 Ne. 31:2–21.

32a GE Doktrin Kris.
b 1 Jn. 5:7.
c 3 Ne. 28:11;
Etè 5:4.

33a Mak 16:16.
GE Batèm, batize—

Lesansyèl.
b GE Sali.
c GE Glwa selès.
35a Etè 4:12.
b 3 Ne. 9:20; 12:2.
c GE Sentespri.
37a Mak 10:15;
Lik 18:17;
Mozya 3:19;
3 Ne. 9:22.

nenpòt moun ki ^abati sou sa, li bati sou wòch mwen an, e ^bpòt lanfè a p ap kapab gen pouvwa sou li.

40 Epi nenpòt moun ki deklare plis, oubyen mwens pase sa, e ki pretann se doktrin mwen an, moun sa a, se malen an ki voye l, e li pa bati sou wòch mwen an; men li bati sou yon fondasyon ^asab, e pòt lanfè a rete louvri pou resevwa moun sa a lè dlo yo desann e van an ap frape yo.

41 Se poutèt sa, al jwenn pèp sa a, e deklare tout kwen tè a pawòl m te deklare yo.

CHAPIT 12

Jezi rele douz disip yo epi Li ba yo responsablite—Li bay Nefit yo yon mesaj menm jan ak mesaj sou montay la—Li pale de Beyatitid yo—Ansèyman Li yo depase epi vin pi enpòtan pase lalwa Moyiz la—Lèzòm resevwa kòmandman pou yo vin pafè menm jan Li menm ak Papa L pafè a—Konpare Matye 5. Anviwon 34 APRE JEZIKRI.

EPI, se te konsa, lè Jezi te fin pale pawòl sa yo avèk Nefi, e avèk moun ki te resevwa apèl yo, (kantite moun ki te resevwa apèl yo, e ki te resevwa pouvwa ak otorite pou fè batèm yo, te ^adouz) li te lonje men l devan foul la, li te louvri bouch li fò,

li te di: n ap ^bbeni si nou koute pawòl douz moun m te ^cchwazi nan pami nou pou preche nou, e ki pou tounen sèvitè nou; e m te ba yo pouvwa pou yo kapab batize nou nan dlo, apre sa, m ap batize nou avèk dife e avèk Sentespri a; se poutèt sa nou beni si nou kwè nan mwen, e si nou batize apre nou fin wè m, e nou konnen m egziste.

2 Epi ankò, moun k ap ^akwè nan pawòl nou yo paske n ap temwaye yo nou te wè m e m egziste, ap pi beni. Wi, moun k ap kwè nan pawòl nou yo, k ap ^bdesann nan pwofondè imilite, k ap batize, yo beni, paske ^cdife ak Sentespri a ap vizite yo, e y ap resevwa remisyon pou peche yo.

3 Wi, moun ki ^apòv nan lespri, ki ^bvin jwenn mwen, y ap beni, paske wayòm syèl la se pou yo.

4 Epi ankò, moun ki nan lapenn, yo beni, paske y ap rekonfòte.

5 Epi moun ki ^adou, yo beni, paske y ap eritye ^btè a.

6 Epi tout moun ki ^agrangou, epi ki ^bswaf ^clajistis, yo beni, paske Sentespri a ap ranpli yo.

7 Epi moun ki bezwen ^amizèrikòd, yo beni, paske y ap jwenn mizèrikòd.

8 Epi moun ki gen kè ^api, yo beni, paske y ap ^bwè Bondye.

39a Mat. 7:24–29;

Ela. 5:12.

GE Wòch.

b 3 Ne. 18:12–13.

40a 3 Ne. 14:24–27.

12 1a 3 Ne. 13:25.

b GE Benediksyon, beni.

c GE Aple, Bondye te aple, apèl.

2a D&A 46:13–14.

GE Kwayans, kwè.

b Etè 4:13–15.

c 3 Ne. 11:35; 19:13.

3a D&A 56:17–18.

GE Enb, imilite.

b Mat. 11:28–30.

5a Wom. 12:16;

Mozya 3:19.

GE Dou, douse.

b GE Tè.

6a 2 Ne. 9:51;

Enòs 1:4.

b Jer. 29:13.

c Pwov. 21:21.

7a GE Mizèrikòd.

8a GE Pi, pite.

b D&A 93:1.

9 Epi tout “moun ki renmen mete lapè, yo beni, paske y ap rele yo ^bpitit Bondye.

10 Epi tout moun yo “pèsekite poutèt non mwen, yo beni, paske wayòm syèl la ap pou yo.

11 Epi nou beni paske lè lèzòm meprize nou, epi yo pèsekite nou, e lè yo di tout kalite bagay mal kont nou san se pa vre, poutèt mwen menm;

12 Paske n ap gen gwo lajwa, e n ap kontan anpil, paske n ap gen gwo “rekonpans nan syèl la; paske se konsa yo te pèsekite pwofèt yo ki te anvan nou yo.

13 Anverite anverite, m ap di nou, m vle nou tounen “sèl pou tè a; men, si sèl la pèdi gou l kòman tè a ap fè sale? Lè sa a, sèl la p ap bon pou fè anyen eksepte pou yo voye l jete e pou lèzòm foule l anba pye yo.

14 Anverite anverite, m ap di nou, m vle pou nou tounen limyè pèp sa a. Yon vil ki bati alatèt yon kolin pa kapab kache.

15 Gade, èske lèzòm limen yon “balèn pou yo mete l anba yon panye? Non, okontrè yo mete l sou yon chandelye, e li bay limyè pou tout moun ki nan kay la;

16 Se poutèt sa, kite “limyè nou an limen devan pèp sa a, pou yo kapab wè bon zèv nou e pou yo glorifye Papa nou ki nan syèl la.

17 Pa panse m te vini pou m kraze lalwa Moyiz la oubyen pwofèt yo. M pa t vini pou m kraze, m te vini pou m akonpli.

18 Paske gade, m di nou, yon tikras ni yon tikal p ap soti nan “lalwa a, men l ap akonpli nan mwen.

19 Epi gade m te ba nou lalwa ak kòmandman Papa m yo, pou nou kapab kwè nan mwen, pou nou kapab repanti nan peche nou yo, e pou nou kapab vin jwenn mwen avèk yon “kè brize e avèk yon lespri kontri. Gade nou gen kòmandman yo devan nou e ^blalwa a akonpli.

20 Se poutèt sa, vin jwenn mwen, pou nou vin sove; paske, anverite m di nou, si nou pa respekte kòmandman m ba nou kounyeya pa gen okenn fason pou nou antre nan wayòm syèl la.

21 Nou te tandè moun lontan yo di, e sa ekri devan nou, nou pa dwe “touye, e nenpòt moun ki touye ap an danje pou l pase anba jijman Bondye.

22 Men, m di nou, nenpòt moun ki fache kont frè l, l ap an danje pou l pase anba jijman Bondye. Epi nenpòt moun ki di frè l, Raka, ap an danje anba jijman konsèy la; e nenpòt moun ki di, moun fou, yo tout ap an danje anba dife lanfè.

23 Se poutèt sa, si n ap vin jwenn mwen oubyen si nou vle vin jwenn mwen e nou sonje

9a GE Pezib.

b GE Pitit gason ak pitit fi Bondye.

10a D&A 122:5-9.
GE Pèsekisyon,
pèsekite.

12a Etè 12:4.

13a D&A 101:39-40.

GE Sèl.

15a Lik 8:16.

16a 3 Ne. 18:24.

18a GE Lwa Moyiz.

19a 3 Ne. 9:20.

GE Kè brize.

b 3 Ne. 9:17.

21a Egz. 20:13;
Mozya 13:21;
D&A 42:18.

frè nou te gen yon bagay kont nou—

24 A l jwenn frè nou an, ^arekon-silye avèk frè nou an, e apre sa, vin jwenn mwen avèk tout kè nou e m ap resewa nou.

25 Fè aranjman vit avèk advèsè nou an pandan nou nan wout la avèk li pou l pa pran nou pou jete nou nan prizon.

26 Anverite, anverite, m ap di nou konsa, nou p ap kapab soti ladan l jistan nou peye dènye senk kòb la. Epi pandan nou nan prizon an, èske n ap menm kapab peye yon ^akòb? Anverite an verite m di nou, Non.

27 Gade, moun lontan yo te ekri, nou pa dwe fè ^aadiltè;

28 Men m di nou, nenpòt moun ki gade yon fi ^aavèk anvi, li deja fè adiltè nan kè l.

29 Gade, m ba nou kòmandman pou nou pa kite bagay sa yo antre nan ^akè nou;

30 Paske li pi bon pou nou debarase kò nou anba bagay sa yo, konsa pou nou pote ^akwa nou tan pou nou t ale nan lanfè.

31 Yo te ekri: Nenpòt moun ki rejte madanm li, li dwe ba li yon lèt ^adivòs.

32 Anverite anverite, m di nou, nenpòt moun ki ^arejte madanm li eksepte poutèt ^bfònikasyon, li fè l fè ^cadiltè; e nenpòt moun ki marye ak fi divòse a, fè adiltè.

33 Epi ankò, ekriti yo di nou pa dwe fè ^asèman, men nou dwe fè sa nou te dakò pou nou fè devan Senyè a;

34 Men anverite anverite, m di nou konsa, pa fè ^asèman ditou; ni sou syèl la, paske se twòn Bondye;

35 ni sou tè a, paske se mach-pye l;

36 ni tou nou pa dwe sèman sou tèt nou, paske nou pa kapab fè yon branch cheve nou vin blanch oubyen nwa;

37 men, lè nou di wi, se wi; Non, se non; paske nenpòt sa ki plis pase sa, pa bon.

38 Epi gade, ekriti yo di, ^aje pou je, dan pou dan;

39 Men, m di nou, nou pa dwe ^areziste ak mal, men, nenpòt moun ki ba nou yon souflèt nan bò machwè dwat la, ^bvire lòt bò a ba li tou;

40 Epi, si nenpòt moun ta rele nou nan tribinal, e li pran rad nou, kite l pran manto nou tou;

41 Epi, si nenpòt moun ta fòse nou pou nou mache yon kilomèt, mache de kilomèt avèk li.

42 ^aBay moun ki mande nou, e pa refize moun ki mande nou prete.

43 Epi gade, yo te ekri tou: Renmen vwazen nou epi rayi ènmi nou;

44 Men, m di nou, renmen ^aènmi nou yo, beni moun ki

24a GE Padon.

26a Alma 11:3.

27a 2 Ne. 9:36;

D&A 59:6.

28a D&A 42:23.

GE Konvwate,

konvwatiz.

29a Tra. 8:22.

30a Mat. 10:38; 16:24;

Lik 9:23.

31a GE Divòs.

32a Mak 10:11-12.

b GE Fònikasyon.

c GE Adiltè.

33a GE Sèman.

34a GE Pwofanasyon.

38a Lev. 24:20.

39a 3 Ne. 6:13; 4 Ne. 1:34;

D&A 98:23-32.

b GE Pasyans.

42a Jakòb 2:17-19;

Mozya 4:22-26.

44a Pwov. 24:17;

Alma 48:23.

modi nou, fè byen ak moun ki rayi nou yo, e ^bpriye pou moun yo ki maltrete nou ak moun ki yo ki pèsekite nou;

45 Pou nou kapab vin pitit Papa nou ki nan syèl la; konsa, li fè solèy li leve sou mechan yo ak sou moun ki jis yo.

46 Se poutèt sa, konsa, bagay tan ansyen sa yo, ki te fè pati lalwa Moyiz la, yo akonpli nan mwen.

47 Bagay ^aansyen yo pase, e tout bagay ansyen yo vin nouvo.

48 Se poutèt sa, m ta vle pou nou vin ^apafè menm jan avèk mwen oubyen menm jan Papa nou ki nan syèl pafè a.

CHAPIT 13

Jezi aprann Nefit yo Priyè Senyè a—Yo dwe ranmase trezò pou syèl la—Douz disip yo resevwa kòmandman pou yo pa pote bagay materyèl nan misyon yo—Konpare Matye 6. Anviwon 34 APRE JEZIKRI.

AN verite, an verite, m di nou m ta vle pou nou charite pòv yo; men, fè atansyon pou nou pa ^afè lacharite devan lèzòm pou nou fè yo wè; si se pa sa ou p ap gen rekonpans nan men Papa nou ki nan syèl la.

2 Se poutèt sa, lè nou fè lacharite pa sonnen twonpèt, menm jan ipokrit yo fè nan sinagòg yo ak nan lari yo, pou yo kapab

jwenn ^alaglwa nan men lèzòm. An verite m di nou, yo deja resevwa rekonpans yo.

3 Men, lè nou fè lacharite pa kite men goch nou konnen sa men dwat nou fè.

4 Se pou lacharite nou fèt ansekrè; e Papa nou la ki wè ansekrè ap rekonpanse nou san mezi.

5 Epi lè nou ^apriye, pa fè menm jan avèk ipokrit yo, paske yo renmen kanpe nan sinagòg yo ak nan kwen lari yo pou yo priye, pou lèzòm kapab wè yo. An verite, m di nou, yo deja resevwa rekonpans yo.

6 Men, noumenm, lè n ap priye, antre nan chanm nou, e lè nou fin fèmen pòt nou, priye Papa nou ki avèk nou ansekrè; e Papa nou ki wè ansekrè ap rekonpanse nou san mezi.

7 Men, lè n ap priye, pa repete menm pawòl yo plizyè fwa, menm jan avèk payen yo, paske yo panse Bondye ap koute yo si yo pale anpil.

8 Pa fè tankou yo, paske Papa nou ^akonnen ki bagay nou bezwen anvan nou mande l.

9 Men ^afason pou nou ^bpriye: ^aPapa nou ki nan syèl la, se pou non w beni.

10 Se pou volonte ou fèt sou tè a tankou nan syèl la.

11 Epi padone peche nou yo menm jan nou padone moun ki fè nou kichòy.

12 Epi ^apa kite nou tonbe nan

44b Tra. 7:59–60.

47a 3 Ne. 15:2, 7;
D&A 22:1.

48a Mat. 5:48;
3 Ne. 27:27.
GE Pafè.

13 1a GE Fè lacharite,
lacharite.

2a D&A 121:34–35.

5a GE Priyè.

8a D&A 84:83.

9a Mat. 6:9–13.

b GE Priyè.

c GE Bondye,

Divinite—

Bondye Papa a.

12a TJS Mat. 6:14

(Apendis).

tantasyon, men delivre nou anba sa ki mal.

13 Paske wayòm, ak pouvwa a, ak laglwa se pou ou, pou tout tan gen tan. Amèn.

14 Paske si nou “padone lèzòm pou peche yo, Papa nou ki nan syèl la ap padone nou tou;

15 Men, si nou pa padone peche lèzòm, Papa nou p ap padone peche nou yo tou.

16 Plis ankò, lè n ap “jène pa fè menm jan avèk ipokrit yo, ki gen aparans moun ki tris, paske yo fè figi yo fennen pou moun kapab konnen y ap jène. Anverite, m di nou, yo gen rekonpans yo.

17 Men, noumenm, lè n ap jène penyen tèt nou e lave figi nou.

18 Pou nou pa montre moun n ap jène, eksepte Papa nou, ki wè “ansekrè; e Papa nou ki wè ansekrè ap rekonpanse nou san rezèv.

19 Pa ranmase trezò sou tè a, kote mit bwa ak lawouy kapab wonje, e kote vòlè kapab kraze pou yo vòlè;

20 Men, ranmase “trezò pou syèl la, kote ni mit bwa ni lawouy pa p kapab wonje e kote vòlè p ap kapab kase, ni fè vòl.

21 Paske kote trezò nou ye se la kè nou ye tou.

22 “Limyè kò a se je a; se poutèt sa, si je nou fikse sou lajistis, tout kò nou ap chaje avèk limyè.

23 Men, si je nou fikse sou move bagay, tout kò nou ap chaje avèk fènwa. Se poutèt sa,

si limyè ki nan nou an se fènwa, nou pa bezwen mande kòman n ap nan fènwa!

24 Pèsonn pa kapab “sèvi de mè; paske oubyen l ap rayi youn, epi l ap renmen lòt la, oubyen l ap respekte youn, e l ap meprize lòt la. Nou pa kapab sèvi Bondye ak Mamon.

25 Epi kounyeya, se te konsa, lè Jezi te fin pale pawòl sa yo, li te gade douz òm li te chwazi yo epi li te di yo konsa: Sonje pawòl m te pale yo. Paske, gade, se nou menm m te chwazi pou “preche pèp sa a. Se poutèt sa, m di nou, ^bpa panse avèk lavi pa nou, ak sa n ap manje oubyen sa n ap bwè; ni ki rad w ap mete sou kò nou. Èske pa gen bagay ki pi enpòtan nan lavi a pase manje ak abiye?

26 Gade, zwazo k ap vole yo, yo pa simen, yo pa rekòlte, ni yo pa sere manje nan barik; malgre sa, Papa nou ki nan syèl la nouri yo. Èske nou pa pi enpòtan pase yo?

27 Kiyès nan pami nou ki nan reflechi kapab ajoute yon ti kras anlplis sou wotè l.

28 Epi poukisa n ap mete lide nou sou rad? Gade flè lila ki nan jaden yo, gade kòman yo grandi; yo pa travay ni yo pa file zegwi;

29 Epi m di nou, malgre sa, menm Salomon, nan tout laglwa li a, li pa t pi byen abiye pase youn ladan yo.

30 Se poutèt konsa, si Bondye

14a Mozya 26:30–31;
D&A 64:9.
GE Padon.
16a Eza. 58:5–7.

GE Jèn, jène.
18a D&A 38:7.
20a Ela. 5:8; 8:25.
22a D&A 88:67.

24a 1 Sam. 7:3.
25a GE Administrè.
b Alma 31:37–38;
D&A 84:79–85.

abiye zèb nan jaden yo konsa, ki egziste jodi a e ki kapab boule nan dife demen, se menm jan l ap abiye nou si lafwa nou pa febli.

31 Se poutèt sa, pa fatigue nou, pa di konsa, kisa n ap manje? oubyen kisa n ap bwè? oubyen avèk kisa n ap abiye nou?

32 Paske Papa nou ki nan syèl la konnen nou bezwen tout bagay sa yo.

33 Men, chèche “wayòm Bondye a ak lajistis li anvan, e w ap resevwa tout bagay sa yo.

34 Se poutèt sa, pa enkyete nou pou sa ka p rive demen an, paske demen ap pran swen tèt pa l. Chak jou ap okipe tèt pa l.

CHAPIT 14

Jezi kòmande: Pa jije; mande Bondye; fè atansyon ak fo pwofèt yo—Li pwomèt pou l sove moun ki fè volonte Papa a—Konpare avèk Matye 7. Anviwon 34 APRE JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, lè Jezi te fin pale pawòl sa yo, li te vire tèt li pou gade foul la ankò, li te louvri bouch li ankò, li te di konsa: an verite an verite, m di, ou konsa pa “Jije, pou yo pa jije nou tou.

2 An verite paske “se avèk menm jijman nou an jije a y ap jije nou; e se ak mezi nou mezire a y ap mezire nou ankò.

3 Epi, poukisa nou gade ti pay

ki nan je frè nou an, men nou pa wè gwo bout bwa ki nan je pa nou an?

4 Oubyen kòman nou fè ap di frè nou: ban m wete pay ki nan je w la—epi gade, yon bout bwa nan je nou?

5 Ipokrit, wete bout “bwa nan je w la anvan; e apre sa w ap wè klè pou w wete pay la nan je frè w la.

6 Pa bay chen yo bagay ki “sakre, ni tou pa lage pèl nou yo devan kochon, pou yo pa pile yo anba pye yo, e pou yo pa tounen vin mòde nou.

7 “Mande, e n ap resevwa; chèche, e n ap jwenn; frape, e y ap louvri pou nou.

8 Paske chak moun ki mande, resevwa; e moun ki frape y ap louvri pou li.

9 Oubyen, kiyès nan pami nou, k ap bay pitit li yon wòch si l mande l yon pen?

10 Oubyen, si l mande yon pwason, èske l ap ba li yon koulèv?

11 Si noumenm ki pa bon, nou konnen pou nou bay pitit nou yo bon bagay, Ale wè pou Papa nou ki nan syèl la pa ta bay moun ki mande l yo bon bagay?

12 Se poutèt sa, nenpòt bagay nou ta vle lèzòm fè pou nou, nou “dwe fè l pou yo, paske se sa lalwa ak pwofèt yo di.

13 Antre nan “pòt jis la; paske pòt ki mennen nan destriksyon an ^blaj e chemen an gran, epi gen anpil moun ki antre ladan l;

33a Lik 12:31.
14 1a TJS Mat. 7:1–2
(Apendis);
Jan 7:24.
2a Mòm. 8:19.

5a Jan 8:3–11.
6a GE Sen (adj).
7a 3 Ne. 27:29.
GE Priyè.
12a GE Konpasyon.

13a Lik 13:24;
3 Ne. 27:33.
b D&A 132:25.

14 Paske “pòt ki mennen nan lavi a jis e chemen an ^bkwense, se ‘sèlman kèk moun ki jwenn li.

15 Fè atansyon ak “fo pwofèt yo ki vini kote nou ak rad mouton sou yo, men andedan kè yo, yo se lou ki mechan.

16 n ap rekonèt yo daprè fwi yo. Èske moun kapab keyi rezen nan pye pikan, oubyen fig nan pye raje?

17 menm jan an, bon plant bay bon fwi; men plant kòwonpi bay move fwi.

18 Yon bon plant pa kapab bay move fwi, ni tou, yon move plant pa kapab bay bon fwi.

19 Tout plant ki “pa bay bon fwi y ap rache e jete nan dife.

20 Konsa, n ap rekonèt yo daprè “fwi yo.

21 Se pa tout moun ki di m, Senyè, Senyè, k ap antre nan wayòm syèl la; men, se moun ki fè volonte Papa m ki nan syèl la.

22 Nan jou sa a gen anpil moun ki pral “di m: Senyè, Senyè, èske nou pa t pwofetize nan non w, e nan non w nou te chase dyab yo, e nan non w nou te fè anpil zèv mèveye?

23 Epi lè sa a m pral deklare yo: m pa t janm “konnen nou; ^bsòti bò kote m, nou menm k ap fè inikite.

24 Se poutèt sa, nenpòt moun ki tandè pawòl mwen yo, e ki pratike yo, m ap konpare l avèk

yon moun ki gen sajès, ki bati kay li sou yon “wòch—

25 “Lapli tonbe, dlo desann, e van soufle frape kay la; men, li ^bpa tonbe, paske li te bati sou yon wòch.

26 Epi tout moun ki tandè pawòl mwen yo e ki pa pratike yo ap tankou yon nonm ensanse, ki bati kay li sou “sab—

27 Lapli tonbe, dlo desann, e van soufle frape kay la; li tonbe e li te tonbe fò.

CHAPIT 15

Jezi anonse lalwa Moyiz la akonpli nan Limenm—Nefit yo se lòt brebi li t ap pale lè L te nan Jerizalèm nan—Poutèt inikite yo, pèp Senyè a ki nan Jerizalèm nan pa konnen brebi Izrayèl yo ki te dispèse a. Anviwon 34 APRE JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, lè Jezi te fin di pawòl sa yo, li te voye je l sou foul la e li te di yo: Gade nou te tandè bagay m te preche yo anvan m te monte kote Papa m nan; konsa, nenpòt moun ki sonje bagay sa yo m di yo e ki “pratike yo m ap ^bleve l anlè nan dènye jou a.

2 Epi, se te konsa, lè Jezi te fin di pawòl sa yo, li te apèsè te gen kèk moun nan pami yo ki te etone e ki t ap mande tèt yo ki sa li t ap fè avèk “lalwa Moyiz la; paske yo pa t konprann

14a 2 Ne. 9:41; 31:9, 17–18;

D&A 22.

b 1 Ne. 8:20.

c 1 Ne. 14:12.

15a Jer. 23:21–32;

2 Ne. 28:9, 12, 15.

19a Mat. 3:10;

Alma 5:36–41;

D&A 97:7.

20a Lik 6:43–45;

Mowo. 7:5.

22a Alma 5:17.

23a Mozya 5:13;

26:24–27.

b Lik 13:27.

24a GE Wòch.

25a Alma 26:6;

Ela. 5:12.

b Pwov. 12:7.

26a 3 Ne. 11:40.

15 1a Jak 1:22.

b 1 Ne. 13:37;

D&A 5:35.

2a GE Lwa Moyiz.

pwovèb ki di konsa bagay an-syen yo pase, e tout bagay vin nouvo.

3 Epi li te di yo: Pa etone poutèt m te di nou bagay ansyen yo te pase e tout bagay te vin nouvo.

4 Gade, m di nou, "lalwa Moyiz te bay la akonpli.

5 Gade, se "Mwen menm ki te bay lalwa a, e se mwen ki te fè alyans avèk pèp Izrayèl mwen an; se poutèt sa, lalwa akonpli nan mwen, paske m te vini pou akonpli ^blalwa; se poutèt sa li fini.

6 Gade, m "pa detwi pwofèt yo, paske tout sa yo ki pa t akonpli nan mwen, an verite, m di nou yo tout ap akonpli.

7 Epi poutèt m te di nou bagay ansyen yo te pase, m pa detwi bagay ki te pale konsènan sa ki dwe fèt.

8 Paske gade, "alyans m te fè avèk pèp mwen an pa t akonpli nèt; men lalwa Moyiz te resevwa a fini nan mwen.

9 Gade, m se "lalwa a, ak ^blimyè a. Leve tèt gade m e pèsevere jiska lafen e n ap "viv; paske, moun ki "pèsevere jiska lafen m ap ba li lavi etènèl.

10 Gade, m te ba nou "kòmandman yo; se poutèt sa, respekte kòmandman yo. Epi se sa ki lalwa a ak pwofèt yo, paske reyèlman yo ^btemwaye konsènan mwen.

11 Epi kounyeya, se te konsa, lè Jezi te fin pale pawòl sa yo, li te di douz disip li te chwazi yo konsa:

12 Nou se disip mwen yo; epi nou se limyè pou pèp sa a, ki se yon desandan kay "Jozèf la.

13 Epi gade, se "tè eritaj nou an sa; e Papa a te ba nou li.

14 Epi Papa a pa t janm ban mwen kòmandman pou m te "di frè nou yo ki nan Jerizalèm nan sa.

15 Ni tou Papa a pa t janm ban mwen kòmandman pou m te pale yo konsènan "lòt tribi kay Izrayèl yo, Papa a te mennen sòti nan peyi a.

16 Men sa Papa a te kòmande m pou m te di yo:

17 M gen lòt mouton ki pa nan patiraj sa a; m dwe mennen yo tou, y ap tande vwa m; epi ap gen yon sèl patiraj ak yon sèl "bèje.

18 Epi kounyeya, poutèt kou rèd ak "enkredilite yo pa t konprann pawòl mwen an; se poutèt sa, Papa a te kòmande m pou m pa t di yo plis konsènan bagay sa a.

19 Men, an verite Papa a te kòmande m pou m di nou yon bagay, e m ap di nou li: nou te sòti nan pami yo poutèt inikite yo; konsa, se poutèt inikite yo ki fè yo pa konn anyen konsènan nou.

4a Mozya 13:27-31;

3 Ne. 9:17-20.

5a 1 Kor. 10:1-4;

3 Ne. 11:14.

GE Jewova.

b Alma 34:13.

6a 3 Ne. 23:1-5.

8a 3 Ne. 5:24-26.

9a 2 Ne. 26:1.

b GE Limyè, limyè Kris.

c Jan 11:25;

D&A 84:44.

d GE Pèsevere.

10a 3 Ne. 12:20.

b Mozya 13:33.

12a GE Jozèf, pittit

gason Jakòb.

13a 1 Ne. 18:22-23.

14a 3 Ne. 5:20.

15a 3 Ne. 16:1-4.

GE Izrayèl—Dis tribi

pèdi Izrayèl yo.

17a GE Bon Bèje.

18a D&A 10:59.

20 Epi an verite, m di nou ankò, Papa a te separe lòt tribi yo nan pami yo; e se poutèt inikite yo ki fè yo pa t konnen yo.

21 Epi an verite m di nou konsa, se konsènan ou menm m te di: M gen ^alòt brebi ki pa nan twoupo sa a; m dwe mennen yo tou, y ap tandè vwa m, ap gen yon sèl patiraj, yon sèl bèje.

22 Epi yo pa t konprann mwen paske yo te konprann se te ^aJanti yo; paske yo pa t konprann se te predikasyon pa yo ki t ap ^bkonvèti Janti yo.

23 Epi yo pa t konprann mwen lè m te di yo t ap tandè vwa m; e yo pa t konprann mwen lè m te di ^aJanti yo pa t ap tandè vwa m nan okenn moman; epi m pa t ap prezante m devan yo, eksepte pa mwayen ^bSentespri a.

24 Men gade, nou te tandè ^avwa m, e nou te wè m tou; e nou se brebi m yo, e nou te konte nan pami moun yo Papa a te ^bban mwen an.

CHAPIT 16

Jezi pral vizite lòt brebi ki nan pami brebi pèdi pèp Izrayèl la—Nan dènye jou yo levanjil la pral jwenn Janti yo, epi apre sa, li pral jwenn pèp Izrayèl la—Pèp Senyè a pral wè avèk je pa yo lè Li mennen Siyon tounen ankò. Anviwon 34 APRE JEZIKRI.

E AN verite an verite, m di nou m gen ^alòt brebi ki pa nan peyi sa a, ni nan peyi Jerizalèm nan, ni nan onkenn pati nan peyi m t al preche yo.

2 Paske, moun m ap pale yo se moun ki poko tandè vwa m yo; ni tou m poko janm prezante m devan yo.

3 Men, m te resevwa kòmandman nan men Papa a pou m t al kote ^ayo, pou yo tandè vwa m e pou yo konte nan pami brebi m yo, pou kapab vin gen yon sèl twoupo ak yon sèl bèje; se poutèt sa, m al fè yo wè m.

4 Epi m kòmande nou pou nou ekri ^apawòl sa yo lè m fin ale, pou si pèp mwen an ki nan Jerizalèm nan, moun ki te wè m yo, e ki te avèk mwen nan travay ministè mwen an, pa mande Papa a nan non m, pou yo resevwa yon konesans nan men Sentespri a konsènan nou menm, ak konsènan lòt tribi yo pa konnen yo, pou pawòl sa yo n ap ekri a kapab kache, e pou yo kapab prezante devan ^bJanti yo; konsa, pa mwayen tout Janti yo nèt, rès desandan pèp Jerizalèm yo ki pral dispèse sou sifas latè a poutèt enkredilite yo a, kapab rasanble oubyen yo kapab gen yon ^ckonesans konsènan mwen menm, Redanmtè yo a.

5 Epi lè sa a, m ap ^arasanble yo

21a Jan 10:14–16.

22a GE Janti yo.

b Tra. 10:34–48.

23a Mat. 15:24.

b 1 Ne. 10:11.

GE Sentespri.

24a Alma 5:38;

3 Ne. 16:1–5.

b Jan 6:37;

D&A 27:14.

16 1a 3 Ne. 15:15.

GE Izrayèl—Dis tribi pèdi Izrayèl yo.

3a 3 Ne. 17:4.

4a GE Ekriti yo.

b 1 Ne. 10:14;

3 Ne. 21:6.

c Ezek. 20:42–44;

3 Ne. 20:13.

5a GE Izrayèl—Rasanbleman Izrayèl la.

sòti nan kat kwen tè a; e lè sa a, m ap akonpli ^balyans Papa a te fè avèk tout moun yo ki nan 'kay Izrayèl la.

6 Epi "janti yo beni poutèt yo kwè nan mwen, ak nan ^bSentespri a, ki ba yo temwayaj konsènan mwen menm ak konsènan Papa a.

7 Gade, Papa a di konsa, poutèt yo kwè nan mwen, e poutèt enkredilite nou, O, kay Izrayèl la, nan "dènye jou yo verite a pral jwenn Janti yo, pou yo kapab konnen tout bagay nèt.

8 Men Papa a di konsa, men, malè Janti ki enkredil yo—paske, malgre yo te vini sou tè sa a, e yo te "gaye pèp mwen an ki fè pati kay Izrayèl la; e yo te ^bchase pèp mwen an ki fè pati nan kay Izrayèl la sòti nan pami yo, e yo te pase yo anba pye yo;

9 Epi, poutèt mizèrikòd Papa a pou Janti yo, ak jijman Papa a tou sou pèp mwen an ki fè pati kay Izrayèl la, an verite an verite, m di nou, apre tout bagay sa yo, e m te fè bat pèp mwen an ki fè pati kay Izrayèl la, m te fè aflije yo, "touye yo, chase yo sòti nan pami yo, e m te fè rayi yo, yo te vin tounen yon wout ak yon non jwè nan pami yo.

10 Epi men sa Papa a te kòmande m di nou: Nan jou sa a lè Janti yo peche kont levanjil mwen an, e lè yo rejte plenitud

levanjil mwen an, e lè yo "gonfle kè yo avèk lògèy plis pase tout lòt nasyon, e plis pase tout moun ki sou tout tè a, e lè yo chaje avèk tout kalite manti, ak desepsyon, ak dega, ak tout kalite ipokrizi, ak asasina, ak ^bentrigdeprèt, ak abominab seksyèl, ak abominasyon sekrè; e si yo fè tout bagay sa yo e si yo rejte plenitud levanjil mwen an, Papa a di konsa, gade, m ap wete plenitud levanjil mwen an nan pami yo.

11 Epi lè sa m ap "sonje alyans mwen yo m te fè avèk pèp mwen an, O kay Izrayèl la, e m ap pote levanjil mwen an ba yo.

12 Epi m ap montre nou, O kay Izrayèl la, Janti yo p ap gen pouvwa sou nou; okontrè m ap sonje alyans m te fè avèk nou yo, O kay Izrayèl la, e n ap vin gen "konesans plenitud levanjil mwen an.

13 Papa a di, men, si Janti yo repanti, e si yo retounen vin jwenn mwen, y ap "konte nan pami pèp mwen an, O kay Izrayèl la.

14 Epi Papa a di konsa, m p ap kite pèp mwen an ki fè pati kay Izrayèl la ale nan pami yo pou pyetine yo.

15 Men, si yo pa tounen vin jwenn mwen, e si yo pa koute vwa m, m ap kite pèp mwen an, O kay Izrayèl la, ale nan pami

5b 3 Ne. 5:24-26.

c 1 Ne. 22:9;

3 Ne. 21:26-29.

6a 1 Ne. 13:30-42;

2 Ne. 30:3.

b 2 Ne. 32:5;

3 Ne. 11:32, 35-36.

GE Sentespri.

7a GE Retablisman levanjil la.

8a 1 Ne. 13:14;

Mòm. 5:9, 15.

b 3 Ne. 20:27-29.

9a Amòs 9:1-4.

10a Mòm. 8:35-41.

b 2 Ne. 26:29.

11a 3 Ne. 21:1-11;

Mòm. 5:20.

12a Ela. 15:12-13.

13a Gal. 3:7, 29;

1 Ne. 15:13-17;

2 Ne. 10:18;

3 Ne. 30:2;

Abr. 2:9-11.

yo pou “pase yo anba pye, e y ap tankou sèl ki pèdi gou l, e konsa ki pa bon pou anyen, eksepte pou yo voye l jete e pou pèp mwen an pase l anba pye, O kay Izrayèl la.

16 An verite an verite, m di nou, Papa a te kòmande m pou m bay pèp sa a tè sa a pou eritaj yo.

17 Epi lè sa “pawòl pwofèt Ezayi a ap akonpli, pawòl ki te di konsa:

18 “Santinèl ^bou yo pral leve vwa yo; yo pral chante ansanm, paske avèk je pa yo, yo pral wè lè Senyè a ap mennen Siyon ankò.

19 Chante ak lajwa, chante ansanm nou menm zòn dezole Jerizalèm yo; paske Senyè a te rekonfòte pèp li a, li te rachte Jerizalèm.

20 Senyè a te dekouvri ponyèt li devan je tout nasyon; e tout kwen tè a ap wè sali Bondye a.

CHAPIT 17

Jezi dirije pèp la pou yo reflechi sou pawòl Li yo epi pou yo priye pou konpreyansyon—Li geri moun malad yo—Li priye pou pèp la, Li itilize langaj yo pa kapab ekri—Zanj sèvi timoun piti yo epi dife antoure yo. Anviwon 34 APRE JEZIKRI.

GADE, se te konsa, lè Jezi te fin pale pawòl sa yo, li te voye je

gade foul la ankò e li te di yo: Gade, ^alè m prèske rive.

2 M remake nou fèb, nou pa kapab “konprann tout pawòl mwen yo Papa m te kòmande m pou m pale nou yo kounyeya.

3 Se poutèt sa, nou mèt ale la-kay nou pou nou “reflechi sou bagay m te di nou yo, e mande Papa m, nan non m pou nou kapab konprann, e ^bpare lespri nou pou ‘demen, e m ap vin jwenn nou ankò.

4 Men kounyeya, m “pral jwenn Papa a, e m pral fè tribi ^bpèdi pèp Izrayèl yo ‘wè m tou, paske yo pa pèdi pou Papa a, paske li konnen ki kote li te mennen yo.

5 Epi, se te konsa, lè Jezi te fin pale konsa, li te voye je gade foul la ankò, e li te wè dlo nan je yo, e yo t ap gade l fiks kòm si yo te vle mande l pou l rete yon ti jan pi lontan avèk yo.

6 Epi li te di yo: Gade zantray mwen chaje avèk “konpasyon pou nou.

7 Èske gen moun ki malad nan mitan nou? Mennen yo vini. Èske gen moun ki paralize, oubyen avèk, oubyen bwate, oubyen domaje, oubyen lepre, oubyen ki vyeyi, oubyen ki soud, oubyen ki aflije nan nenpòt fason? Mennen yo vini e m ap geri yo, paske m gen konpasyon pou nou; zantray mwen chaje avèk mizèrikòd.

15a Miche 5:8–15;
3 Ne. 20:16–19;
21:12–21;
D&A 87:5.

17a 3 Ne. 20:11–12.

18a Ezek. 33:1–7.

GE Santinèl, veye.

b Eza. 52:8–10.

17 1a svd tounen al
jwen papa a. gade
nan vèsè 4.

2a Jan 16:12;

D&A 78:17–18.

3a GE Medite.

b D&A 132:3.

c 3 Ne. 19:2.

4a 3 Ne. 18:39.

b 3 Ne. 16:1–3.

c GE Izrayèl—Dis tribi

pèdi Izrayèl yo.

6a GE Konpasyon.

8 Paske, m apèsi nou vle pou m ta montre nou kisa m te fè pou frè nou yo nan Jerizalèm; paske, m wè ^alafwa nou ^base pou m ta geri nou.

9 Epi, se te konsa, lè l te fin pale konsa, tout foul la, an-sanm, te vini avèk malad yo, ak moun aflije yo, ak moun domaje yo, ak avèg yo, ak bèbè yo, epi ak tout moun yo ki aflije nan nenpòt fason; e li te ^ageri yo youn apre lòt pandan yo te mennen yo ba li a.

10 Epi yo tout, ni sa yo ki te geri yo ni sa ki pa t malad yo te bese nan pye l, e yo te adore l; e tout moun ki te kapab nan foul la, yo te ^abo pye l tèlman, yo te benyen pye l avèk dlo je yo.

11 Epi, se te konsa, li te kòmande pou yo mennen timoun ^apiti yo.

12 Konsa, yo te pote timoun piti yo, e yo te depoze yo atè a alantou l, e Jezi te kanpe nan mitan; epi foul la te fè pasaj jistan yo tout te prezante devan l.

13 Epi, se te konsa, lè yo tout te fin prezante, e Jezi te kanpe nan mitan, li te kòmande foul la pou yo mete ^aajenou atè a.

14 Epi, se te konsa, lè yo te fin mete ajenou atè a, Jezi te jemi tou ba, e li di: Papa, m ^atwouble poutèt mechanste moun ki nan kay Izrayèl yo.

15 Epi lè l te fin di pawòl sa yo, li te mete ajenou atè a pou tèt pa l tou; e li te priye Papa a,

e priyè l yo pa t kapab ekri, e foul ki te tande l la te rann temwayaj.

16 Epi, men jan yo te rann temwayaj: ^aje pa t janm wè, ni tou zòrèy pa t janm tande anvan sa, gwo bagay ki mèveye nou te wè epi nou te tande Jezi pale ak Papa a;

17 Epi, onkenn ^alang pa kapab pale, okenn moun pa kapab ekri, ni tou okenn moun pa kapab imajine gwo bagay mèveye nou te wè epi nou te tande Jezi pale yo; epi okenn moun pa kapab imajine lajwa ki te ranpli nanm nou lè nou te tande l ap priye Papa a pou nou.

18 Epi, se te konsa, lè Jezi te fin priye Papa a, li te leve; men, ^alajwa foul la te tèlman gran yo te febli.

19 Epi, se te konsa, Jezi te pale avèk yo, e li te mande yo pou yo leve.

20 Epi, yo te leve atè a, e li te di yo: Nou beni poutèt lafwa nou. Epi kounyeya, gade, m chaje ak lajwa.

21 Epi lè l te fin di pawòl sa yo, li te ^akriye avèk dlo nan je, e foul la te rann temwayaj konsènan sa, e li te pran timoun piti yo youn apre lòt, li te ^bbeni yo, e li te priye Papa a pou yo.

22 Epi lè l te fin fè sa, li te kriye avèk dlo nan je ankò;

23 Epi li te pale avèk foul la, e li te di yo: Gade timoun piti nou yo.

8a Lik 18:42.

b 2 Ne. 27:23;

Etè 12:12.

9a Mozya 3:5;

3 Ne. 26:15.

10a Lik 7:38.

11a Mat. 19:13–14;

3 Ne. 26:14, 16.

13a Lik 22:41;

Tra. 20:36.

14a Moyiz 7:41.

16a Eza. 64:4;

1 Kor. 2:9;

D&A 76:10, 114–119.

17a 2 Kor. 12:4.

18a GE Jwa.

21a Jan 11:35.

b Mak 10:14–16.

24 Epi lè yo te gade, yo te voye je yo nan direksyon syèl la, e yo te wè syèl la louvri, e yo te wè zanj k ap desann sòti nan syèl la kòm si se te nan mitan dife; yo te desann e yo te “antouren timoun piti yo, e yo te antouren avèk dife; epi zanj yo t ap sèvi yo.

25 Foul la te wè, yo te tande, e yo te rann temwayaj; e yo konnen temwayaj yo se verite; paske, yo tout te wè e yo te tande, chak moun pou kont pa li; e yo te yon kantite de mil senk san nanm anviwon; e yo te gason, fi, ak timoun.

CHAPIT 18

Jezi tabli sentsèn nan pami Nefit yo—Yo resewa kòmandman pou yo priye tout tan nan non L—Moun ki manje kò L epi ki bwè san Li san yo pa diy, y ap kondane—Disip yo resewa pouvwa pou yo konfere Sentespri a. Anviwon 34 APRE JEZIKRI.

EPI, se te konsa, Jezi te kòmande disip yo pou y al chèche “pen ak diven ba li.

2 Epi, pandan yo t al chèche pen ak diven an, li te kòmande foul la pou yo chita atè a.

3 Epi, lè disip yo te vini avèk “pen ak diven an, li te pran nan pen an, li te kase l e li te beni l; li te bay disip yo e li te kòmande yo pou yo manje.

4 Lè yo te fin manje epi yo te satisfè, li te kòmande yo pou yo bay foul la.

5 Lè foul la te fin manje epi yo

te satisfè, li te di disip yo: Tande, m ap lonmen youn nan pami nou, e m ap ba li pouvwa pou l kapab “kase pen, pou l beni l e pou l bay pèp legliz mwen an, pou l bay tout moun ki kwè e ki batize nan non m.

6 Epi, se sa n ap toujou sonje pou nou fè, menm jan m te fè a, menm jan m te kase pen, m te beni l e m te ba nou l la.

7 Epi, se sa n ap fè pou nou kapab “sonje kò m, m te fè nou wè a. Epi sa ap yon temwayaj pou fè Papa a konnen nou toujou sonje m. Epi si nou toujou sonje m n ap gen Lespri m avèk nou.

8 Epi, se te konsa, lè l te di pawòl sa yo, li te kòmande disip li yo pou yo pran yon tas nan diven an, pou yo bwè l, e pou yo bay foul la tou pou yo te kapab bwè ladan l.

9 Epi, se te konsa, yo te fè sa, yo te bwè epi yo te satisfè; e yo te bay foul la, foul la te bwè epi yo te satisfè.

10 Epi, lè disip yo te fin fè sa, Jezi te di yo: nou beni poutèt bagay sa a nou te fè a, paske se akonplisman kòmandman m yo, e sa rann Papa a temwayaj nou vle fè sa m kòmande nou fè.

11 Epi, se sa n ap fè pou moun ki repanti e batize nan non m; e n ap fè l pou nou sonje san m, m te pèdi pou nou an, pou nou kapab temwaye Papa a nou toujou sonje m. Epi si nou toujou sonje m n ap gen Lespri m avèk nou.

12 Epi, m ba nou kòmandman

24a Ela. 5:23–24, 43–45.
18 1a Mat. 26:26–28.

3a GE Sentsèn.
5a Mowo. 4.

7a Mowo. 4:3.

pou nou fè bagay sa yo. Epi si nou toujou fè bagay sa yo nou beni, paske nou bati sou “wòch mwen an.

13 Men nenpòt moun nan pami nou ki fè plis oubyen mwens pase bagay sa yo, yo pa bati sou wòch mwen an; men, yo bati sou yon fondasyon sab; e lè lapli a tonbe, epi dlo desann, e van soufle frape yo, y ap “tonbe e ^bpòt lanfè a deja louvri pou resevwa yo.

14 Se poutèt sa nou beni si nou respekte kòmandman m yo, Papa m te kòmande m pou m ba nou yo.

15 An verite, an verite, m di nou, nou dwe veye epi “priye tout tan pou dyab la pa tante nou, e pou l pa mennen nou nan prizon.

16 Epi jan m te priye nan pami nou an, se konsa n ap priye nan legliz mwen an, nan pami pèp mwen an ki repanti ak batize nan non mwen an. Gade, m se “limyè a; m te tabli yon ^begzanp pou nou.

17 Epi, se te konsa, lè Jezi te fin pale disip li yo pawòl sa yo, li te vire tèt li bay foul la ankò, e li te di yo:

18 Gade an verite an verite, m di nou nou dwe veye, priye tout tan pou nou pa tonbe nan tantasyon; paske “Satan vle pran nou, pou l kapab vannen nou tankou ble.

19 Se poutèt sa nou dwe toujou priye Papa a nan non m;

20 Epi “nenpòt bagay ki jis nou mande Papa a nan non m, si nou kwè n ap resevwa l, gade n ap resevwa l.

21 “Priye Papa a nan fanmi nou, tout tan nan non m, pou madanm nou ak pitit nou yo kapab beni.

22 Epi gade, nou dwe reyini ansanm souvan; e nou pa dwe anpeche onkenn moun vin jwenn nou lè nou reyini ansanm, men, kite yo vini e pa anpeche yo;

23 Men, “priye pou yo, e pa chase yo deyò; e si yo vin jwenn nou souvan, nou dwe priye Papa a pou yo nan non m.

24 Se poutèt sa, leve “limyè nou an anlè pou l kapab klere mond lan. Gade m se ^blimyè nou dwe leve anlè a—bagay nou te wè m fè yo. Gade nou wè m te priye Papa a, e nou te rann temwayaj.

25 Epi nou wè m pa t kòmande pou “okenn nan pami nou rale kò nou, men okontrè m te kòmande pou nou vin jwenn mwen, pou nou ^btouche m e pou nou wè; se menm jan an pou nou fè pou mond lan; e nenpòt moun ki dezobeyi kòmandman sa a, l ap kite tèt li tonbe nan tantasyon.

26 Epi kounyeya, se te konsa, lè Jezi te fin pale pawòl sa yo,

12a GE Wòch.

13a GE Apostazi.

b 3 Ne. 11:39.

15a Alma 34:17–27.

GE Priyè.

16a GE Limyè, limyè Kris.

b GE Jezikri—Egzanp

Jezikri.

18a Lik 22:31;

2 Ne. 2:17–18;

D&A 10:22–27.

20a Mat. 21:22;

Ela. 10:5;

Mowo. 7:26;

D&A 88:63–65.

21a Alma 34:21.

23a 3 Ne. 18:30.

24a Mat. 5:16.

b Mozya 16:9.

25a Alma 5:33.

b 3 Ne. 11:14–17.

li te vire je l ankò sou disip li te chwazi yo, epi li te di yo:

27 Gade an verite an verite, m di nou, m ap ba nou yon lòt kòmandman, e apre sa m dwe al jwenn “Papa m pou m kapab akonpli yon ^blòt kòmandman li te ban mwen.

28 Epi kounyeya, gade, men kòmandman m ba nou, pou nou pa kite okenn moun “manje kò m ak san m si nou konnen li ^bpa diy, lè n ap ofri l.

29 Paske nenpòt moun ki manje, e ki bwè kò m ak “san m san l ^bpa diy, li manje e li bwè kondanasyon pou nanm li; se poutèt sa, si nou konnen yon moun pa diy pou l manje e pou l bwè kò m ak san m nou dwe anpeche l.

30 Men, pa “chase l sòti nan pami nou, okontrè se pou nou ede l, e se pou nou priye Papa a pou li nan non m; si l repanti e l batize nan non m, lè sa a nou dwe resevwa l, e nou dwe ba li nan kò m ak san m nan.

31 Men si l pa repanti, li p ap konte nan pami pèp mwen an, pou l kapab pa detwi pèp mwen an, paske gade, m konnen “mouton m yo, e yo tout konte.

32 Men, pa chase l deyò nan sinagòg nou yo, oubyen nan kay adorasyon nou yo, paske nou dwe kontinye ede moun konsa;

paske nou pa konnen si yo p ap retounen vin repanti, pou yo vin jwenn mwen sensèman, e m ap “geri yo; e n ap vin yon mwayen pou yo jwen sali a.

33 Konsa, kenbe bagay sa yo m te kòmande nou an pou nou pa tonbe anba “kondanasyon; paske malè pou moun Papa a ta kondane.

34 Epi m ba nou kòmandman sa yo poutèt diskisyon ki te gen nan pami nou yo. Epi n ap beni si “pa gen diskisyon nan pami nou.

35 Epi kounyeya, m pral jwenn Papa a, paske li nesèsè pou m al jwenn Papa a “pou byen nou.

36 Epi, se te konsa, lè Jezi te fini avèk pawòl sa yo, li te touche “disip li te chwazi yo avèk ^bmen l, youn apre lòt, jistan li te fin touche yo tout nèt, e li te pale avèk yo pandan li te touche yo a.

37 Epi foul la pa t tande pawòl li te pale yo, se poutèt sa yo pa t rann temwayaj; men, disip yo te rann temwayaj pou fè konnen, li te ba yo “pouvwa pou yo bay ^bSentespri a. Epi apre sa, m pral montre nou temwayaj sa a se te verite.

38 Epi, se te konsa, lè Jezi te fin touche yo tout, yon “nyaj te vin kouvri foul la tèlman, yo pa t kapab wè Jezi.

39 Epi pandan nyaj la te kouvri

27a GE Bondye, Divinite—

Bondye Papa a.

b 3 Ne. 16:1–3.

28a 1 Kor. 11:27–30.

b Mòm. 9:29.

29a GE San;

Sentsèn.

b D&A 46:4.

30a D&A 46:3.

31a Jan 10:14;

Alma 5:38;

3 Ne. 15:24.

32a 3 Ne. 9:13–14;

D&A 112:13.

33a GE Kondanasyon,
kondane.

34a 3 Ne. 11:28–30.

35a 1 Jn. 2:1;

2 Ne. 2:9;

Mowo. 7:27–28;

D&A 29:5.

36a 1 Ne. 12:7;

3 Ne. 19:4.

b GE Men, Enpozisyon.

37a GE Pouvwa.

b GE Don Sentespri.

38a Egz. 19:9, 16.

yo a, li te sòti nan pami yo, epi li te monte nan syèl la. Disip yo te wè e yo te rann temwayaj pou fè konnen, li te monte nan syèl la ankò.

CHAPIT 19

Douz disip yo preche pèp la epi yo priye pou Sentespri a—Disip yo batize e yo resevwa Sentespri a, ak ministè zanj yo—Jezi priye avèk pawòl ki pa kapab ekri—Li rann temwayaj konsènan gwo lafwa Nefit sa yo. Anviwon 34 APRE JEZIKRI.

Epi kounyeya, se te konsa, lè Jezi te fin monte nan syèl la, foul la te gaye, chak gason te pran madanm li ak pitit li yo, e li te retounen lakay pa l.

2 Epi bri a te kouri nan pami pèp la imedyatman, anvan l te fènwa, pou fè konnen foul la te wè Jezi, e li te pale avèk yo, e li te gen pou l fè foul la wè l ankò nan demen.

3 Wi, epi menm tout nan nuit la bri a te kouri konsènan Jezi; tèlman yo te voye nouvèl la bay pèp la, te gen anpil, wi, anpil anpil moun, ki te fòse tout nan nuit la pou demen yo te kapab rive kote Jezi ta pral fè foul la wè l la.

4 Epi, se te konsa, nan demen, lè foul la te rasanble ansanm, gade, Nefi ak frè l la li te resisite nan pami mò yo, frè l la ki te rele Timote a, e pitit gason li a tou ki te rele Jonas la, e Matoni tou, ak Matoniya, frè l la, ak Kimèn, ak

Kimenoni, ak Jeremi, ak Chèmnon, ak Jonas, ak Sedesyas, epi Ezayi—se te non disip Jezi te chwazi yo sa—yo t ale epi yo te kanpe nan mitan foul la.

5 Epi gade, foul la te tèlman gwo, disip yo te fè yo separe fè douz gwoup.

6 Epi douz disip yo te preche foul la; e gade, yo te fè foul la mete ajenou sou sifas tè a pou yo priye Papa a nan non Jezi.

7 Epi, se te konsa, disip yo te priye Papa a tou nan non Jezi. Yo te leve epi yo te preche pèp la.

8 Epi lè yo te fin preche menm pawòl Jezi te pale yo—chanje anyen nan pawòl Jezi te pale yo—gade, yo te ajenou ankò e yo te priye Papa a nan non Jezi.

9 Epi, yo te priye pou sa yo te bezwen plis; e yo te vle pou yo ta resevwa ^aSentespri a.

10 Epi, lè yo te fin priye konsa yo te desann bò dlo a, e foul la te suiv yo.

11 Epi, se te konsa, Nefi te desann ^anan dlo a, e li te batize.

12 Epi, li te sòti nan dlo a e li te kòmanse batize lòt moun. Epi li te batize tout moun Jezi te chwazi yo.

13 Epi, se te konsa, apre yo tout te fin ^abatize, e yo te fin sòti nan dlo a, Sentespri a te desann sou yo, e yo te ranpli ak ^bSentespri a epi avèk dife.

14 Epi gade, se kòm si yo te ^aantoure avèk dife, dife ki te desann sòti nan syèl la, e foul la te temwen epi yo te rann temwayaj;

19 9a 3 Ne. 9:20.

11a 3 Ne. 11:23.

13a GE Batèm, batize.

b 3 Ne. 12:2;

Mòm. 7:10.

GE Don Sentespri.

14a Ela. 5:23-24, 43-45;

3 Ne. 17:24.

e zanj yo te desann sòti nan syèl la pou preche yo.

15 Epi, se te konsa, pandan zanj yo t ap preche disip yo, gade, Jezi te vini; li te kanpe nan mitan yo, e li te preche yo.

16 Epi, se te konsa, li te pale avèk foul la, li te kòmande yo mete pou yo ajenou atè a ankò, e pou disip li yo te mete ajenou atè a tou.

17 Epi, se te konsa, lè yo tout te fin mete ajenou atè a, li te kòmande disip li yo pou yo te priye.

18 Epi gade, yo te kòmanse priye; e yo te priye Jezi, yo te rele l Senyè yo a ak Bondye yo a.

19 Epi, se te konsa, Jezi te pa ti sòti nan pami yo, li te yon jan wete kò l bò kote yo, li te bese atè e li te di:

20 Papa, m remèsye w poutèt ou te bay moun m te chwazi yo Sentespri a; e se poutèt yo te kwè nan mwen m te chwazi yo nan pami mond lan.

21 Papa, m priye w pou w bay tout moun ki kwè nan pawòl moun sa yo Sentespri a.

22 Papa, ou te ba yo Sentespri a paske yo kwè nan mwen; e ou wè yo kwè nan mwen paske w koute yo, epi yo priye m; yo priye m paske m avèk yo.

23 Epi kounyeya Papa, m priye w pou yo, e pou tout moun tou k ap kwè nan pawòl yo, pou yo kapab kwè nan mwen, pou m

kapab nan yo, “menm jan, Papa, ou nan mwen an, pou nou kapab fè byonn.

24 Epi, se te konsa, lè Jezi te fin priye Papa a konsa, li te vini kote disip li yo, e gade, yo te kontinye priye l san rete; e yo pa t repete “anpil mo, paske Lespri a te di yo kòman pou yo b'priye, e yo te ranpli avèk bon santiman.

25 Epi, se te konsa, Jezi te beni yo pandan yo t ap priye l la; figi l te souri ba yo; epi limyè “figi l te limen sou yo, e gade yo te b'blan menm jan avèk figi e ak rad Jezi; e gade blanchè a te depase tout blanchè, wi, pa t kapab gen okenn bagay sou tè a ki te blanch menm jan avèk koulè blanch sa a.

26 Epi Jezi te di yo: Kontinye priye; e yo pa t sispann priye.

27 Epi, li te vire do ba yo ankò, li t a l yon jan lwen yo e li te bese atè a; e li te priye Papa a ankò, li te di konsa:

28 Papa, m remèsye w poutèt ou te “pirifye moun m te chwazi yo, akoz lafwa yo; e m priye pou yo, ak tout moun ki pral kwè nan pawòl yo, pou moun yo kapab pirifye nan mwen, akoz lafwa yo nan pawòl disip mwen yo, menm jan disip yo pirifye nan mwen an.

29 Papa, m pa priye pou mond lan, men pou sa yo w te ban mwen ki “pa nan mond lan, akoz lafwa yo, pou yo ka-

23a 3 Ne. 9:15.
b Jan 17:21–23.
GE Inite.
24a Mat. 6:7.
b D&A 46:30.

25a Nonb 6:23–27.
b GE Transfigurasyon—
Èt transfigure.
28a Mowo. 7:48;
D&A 50:28–29;

88:74–75.
GE Pi, pite.
29a Jan 17:6.

pab pirifye nan mwèn, pou m kapab nan yo, menm jan ou menm, Papa, ou nan mwèn an, pou nou kapab vin yon sèl, pou m kapab glorifye nan yo.

30 Epi lè Jezi te fin pale pawòl sa yo, li te vin jwenn disip li yo ankò; e gade yo te priye l anpil, san rete; e li te souri ba yo ankò; e gade yo te “blan, menm jan avèk Jezi.

31 Epi, se te konsa, li t a l yon ti jan lwen yo ankò, e li te priye Papa a;

32 Epi lang pa kapab pale pawòl ki te nan priyè li a, ni tou moun pa kapab “ekri pawòl ki te nan priyè li a.

33 Foul la te tandè e yo te rann temwayaj; e kè yo te louvri e yo te konprann pawòl priyè a nan kè yo.

34 Men, pawòl priyè li yo te tèlman gran, mèveye, moun pa t kapab ekri yo, ni tou okenn moun pa t kapab “repete yo.

35 Epi, se te konsa, lè Jezi te fin priye, li te vin jwenn disip yo ankò, e li te di yo: m pa janm wè yon gwo “lafwa konsa nan pami tout Juif yo; se poutèt sa m pa t kapab montre yo gwo mirak konsa, poutèt b'enkredilite yo.

36 Anverite, m di nou menm jan nou te tandè a, pa gen youn ladan yo ki te wè gwo bagay konsa menm jan nou te wè a; ni tou yo pa t tandè gran bagay konsa.

CHAPIT 20

Jezi fè yon mirak pou bay pen ak diven e li bay pèp la sentsèn nan ankò—Rès desandan Jakòb yo pral vin gen konesans konsènan Senyè Bondye yo a, e yo pral eritye Amerik yo—Jezi se pwofèt ki tankou Moyiz la, e Nefit yo se pitit pwofèt yo—Lèt moun nan pèp Senyè a pral rasanble nan Jerizalèm. Anviwon 34 APRÈ JEZIKRI.

EPI, se te konsa, li te kòmande foul la pou yo sispann priye, ak disip li yo tou. Men, li te kòmande yo pou yo pa t sispann “priye nan kè yo.

2 Epi li te kòmande yo pou yo leve kanpe sou pye yo. Epi yo te leve, e yo te kanpe sou pye yo.

3 Epi, se te konsa, li te kase pen ankò, li te beni l, e li te bay disip yo manje l.

4 Epi lè yo te fin manje, li te kòmande yo pou yo kase pen, e pou yo bay foul la.

5 Epi, lè yo te fin bay foul la, li te ba yo bwè diven tou, e li te kòmande yo pou yo bay foul la tou.

6 Kouneye, disip yo pa t pote ni “pen, ni diven; foul la pa t pote tou;

7 Men, reyèlman li te “ba yo manje pen, epi tou li te ba yo bwè diven.

8 Epi li te di yo: Moun ki “manje pen sa a, li manje nan kòm pou byen nanm li; e moun ki

30a Mat. 17:2.
32a D&A 76:116.
34a 2 Kor. 12:4;
3 Ne. 17:17.
35a GE Lafwa.

b Mat. 13:58.
GE Enkredilite.
20 1a 2 Ne. 32:9;
Mozya 24:12.
6a Mat. 14:19–21.

7a Jan 6:9–14.
8a Jan 6:50–58;
3 Ne. 18:7.
GE Sentsèn.

bwè diven sa a, li bwè nan san m pou byen nanm li; e nanm li p ap janm grangou ni swaf, men l ap ranpli.

9 Kounyeya, lè tout foul la te fin manje e bwè, menm lè a, Lespri a te ranpli yo; e yo te rele avèk yon sèl vwa, epi yo te bay glwa pou Jezi, ke yo te wè epi yo te tande.

10 Epi, se te konsa, lè yo tout te fin bay Jezi laglwa, li te di yo: gade, kounyeya, m akonpli kòmandman Papa a te ban mwen konsènan pèp sa a, ki se yon rès nan kay Izrayèl la.

11 Nou sonje m te pale avèk nou, e m te di konsa lè “pawòl ^bEzayi yo akonpli—sètènman yo ekri, nou genyen yo devan nou, se poutèt sa, fouye yo.

12 Epi anverite, anverite, m di nou lè yo akonpli, lè sa a se akonplisman “alyans Papa a te fè avèk pèp li a, O, kay Izrayèl la.

13 Epi lè sa a “rès la ki pral ^bdispèse sou sifas tè a, gen pou l “rasanble, sòti nan lès ak nan lwès, e sòti nan sid ak nan nò; e y ap vin “konnen Senyè Bondye yo a ki te rachte yo a.

14 Epi Papa a te kòmande m pou m te ba nou “tè sa a, kòm eritaj nou.

15 Epi m di nou, si janti yo pa “repanti lè yo fin resevwa benediksyon yo pral resevwa a, lè yo fin dispèse pèp mwen an—

16 Lè sa a, ou menm ki se rès kay Jakòb la, nou prale nan pami yo; e n ap nan pami yo, y ap anpil; e n ap nan pami yo menm jan avèk yon lyon ki nan pami bèt nan forè, e menm jan avèk yon jèn “lyon ki nan pami patiraj mouton, ki kòm si l antre nan pami yo, l ap ^bpilonnen yo, e l ap dechire yo fè ti mòso, e pèsonn pa kapab delivre yo.

17 Men n ap leve kont advèsè nou yo, epi tout ènmi nou yo ap retranche.

18 Epi m ap “rasanble pèp mwen an ansanm menm jan yon nonm rasanble grenn rekòlt li yo sou yon glasi.

19 Paskè m ap fè pèp mwen an avèk yo menm Papa m te fè alyans la, wi, m ap ba nou “kòn fè epi m ap ba ou sabo eren. Epi n ap krazè anpil pèp, e m ap konsakre sa yo genyen pou Senyè a, e byen yo pou Senyè tout tè a. Epi gade, se mwenmenm ki fè sa.

20 Epi, se te konsa, Papa a di konsa, epi “epe lajistis mwen an ap pandye sou tè yo nan jou sa a; e Papa a di konsa, si yo pa repanti l ap tonbe alatèt yo, wi alatèt tout nasyon Janti yo.

21 Epi, se pral konsa, m ap tabli “pèp mwen an, O, kay Izrayèl la.

22 Epi gade, m ap tabli pèp sa a nan peyi sa a, pou m kapab

11a 3 Ne. 16:17–20; 23:1–3.

b 2 Ne. 25:1–5;

Mòm. 8:23.

12a 3 Ne. 15:7–8.

13a 3 Ne. 16:11–12; 21:2–7.

b GE Izrayèl—

Dispèsyon Izrayèl la.

c GE Izrayèl—

Rasanbleman

Izrayèl la.

d 3 Ne. 16:4–5.

14a GE Tè pwomiz.

15a 3 Ne. 16:10–14.

16a Mòm. 5:24;

D&A 19:27.

b Miche 5:8–9;

3 Ne. 16:14–15; 21:12.

18a Miche 4:12.

19a Miche 4:13.

20a 3 Ne. 29:4.

21a 3 Ne. 16:8–15.

akonpli “alyans m te fè avèk papa nou, Jakòb; e se ap yon ^bNouvo Jerizalèm. Epi, se pral konsa, pouvw sa syèl la ap nan mitan pèp sa a; wi, menm “mwen menm m ap nan mitan nou.

23 Gade, m se moun Moyiz t ap pale a, lè l te di: Senyè Bondye nou an pral leve “yon pwofèt tankou m, pou frè nou yo; nou dwe koute l nan tout sa li di nou. Epi, se pral konsa, nenpòt moun ki pa koute pwofèt sa a m ap rejte l sòti nan pami pèp la.

24 Anverite m di nou wi, “tout pwofèt yo depi Samyèl ak tout lòt ki vin apre yo, tout sa ki te pale yo, yo te temwaye konsènan mwen menm.

25 Epi gade, nou se pitit pwofèt yo; e nou konte nan pami kay Izrayèl la; e nou konte nan “alyans Papa a te fè avèk zansèt nou yo, lè l te di Abraram: Epi tout pèp sou tè a ap beni ^bnan jenerasyon nou yo.

26 Papa a te leve m pou nou premyèman, e li te voye m pou beni nou, pou chak moun nan pami nou “sòti nan inikite li yo; e li fè sa paske nou se pitit alyans la—

27 Epi lè nou te fin beni, alyans

Papa a te fè avèk Abraram nan ap akonpli, ki di: Tout pèp sou tè a pral beni nan “desandan ou yo—m ap devèse Sentespri a sou Janti yo, benediksyon sa a pral tèlman fè ^bJanti yo pi gran pase tout lòt pèp, se yo menm ki pral dispèse pèp mwen an, O kay Izrayèl la.

28 Epi, Papa a di konsa, epi yo pral yon “chatiman pou pèp peyi sa a. Men, lè yo resevwa plenitud levanjil mwen an, lè sa a, si yo fè kè di kont mwen, m ap retounen inikite yo alatèt pa yo.

29 Epi, Papa a di konsa, epi m ap “sonje alyans m te fè avèk pèp mwen an; e m te fè alyans avèk yo pou m ^brasanble yo ansanm lè tan an rive, pou m ba yo “tè zansèt yo ankò kòm eritaj, tè “Jerizalèm nan, ki se tè pwomiz yo a pou tout tan.

30 Epi, lè a pral rive, pou yo resevwa predikasyon plenitud levanjil mwen an;

31 Epi yo pral “kwè nan mwen, yo pral kwè m se Jezikri, Pitit Gason Bondye a, e yo pral priye Papa a nan non m.

32 Lè sa a “santinèl yo pral leve vwa yo, e yo pral chante ansanm; paske yo pral wè avèk je pa yo.

22a Jen. 49:22–26;

D&A 57:2–3.

b Eza. 2:2–5;

3 Ne. 21:23–24;

Etè 13:1–12;

D&A 84:2–4.

GE Nouvo Jerizalèm.

c Eza. 59:20–21;

Mal. 3:1;

3 Ne. 24:1.

23a Det. 18:15–19;

Tra. 3:22–23;

1 Ne. 22:20–21.

24a Tra. 3:24–26;

1 Ne. 10:5;

Jakòb 7:11.

25a GE Alyans Abraram.

b Jen. 12:1–3; 22:18.

26a Pwov. 16:6.

27a Gal. 3:8;

2 Ne. 29:14;

Abr. 2:9.

b 3 Ne. 16:6–7.

28a 3 Ne. 16:8–9.

29a Eza. 44:21;

3 Ne. 16:11–12.

b GE Izrayèl—

Rasanbleman

Izrayèl la.

c Amòs 9:14–15.

d GE Jerizalèm.

31a 3 Ne. 5:21–26;

21:26–29.

32a Eza. 52:8;

3 Ne. 16:18–20.

GE Santinèl, veye.

33 Lè sa a Papa a pral rasanble yo ansanm ankò, e li pral ba yo peyi Jerizalèm nan kòm eritaj.

34 Lè sa a yo pral sote ponpe ak lajwa—^achante ansanm, noumenm, zòn nan Jerizalèm yo ki te ravaje yo a; paske, Papa a rekonfòte pèp li a, li te rachte Jerizalèm.

35 Papa a te devwale ponyèt sen li a devan tout nasyon yo; e tout kwen tè pral wè sali Papa a; epi Papa a ak mwen nou fè yon sèl la.

36 Epi lè sa a bagay ki te ekri a pral rive: ^aReveye, reveye ankò, e pran fòs nou, menm Siyon; mete bèl rad nou sou nou, nou menm Jerizalèm, vil sen an, paske kòmanse pou kounyeya, moun ki pa sikonsi yo ak moun sal yo, p ap vin kote nou ankò.

37 Souke pousyè a sòti sou ou; leve, chita, ou menm Jerizalèm; demare kòd ki nan kou w la, ou menm pitit fi prizonye Siyon an.

38 Paske, Senyè a di: Ou te vann tèt ou pou anyen, e m ap rachte w san depans lajan.

39 Anverite, anverite, m di nou, pèp mwen an pral konnen non m; jou sa yo pral konnen se mwen ki pale.

40 Epi lè sa a yo pral di: Moun sa a ki pote bòn nouvèl ba yo a, ki pibliye lapè a, sou tèt montay yo, ^aala bèl peyi l bèl moun sa a

ki pote bòn nouvèl ba yo a, ki ^bpibliye sali a; ki di Siyon: Bondye ou se sèl wa!

41 Epi yon bri pral kouri: ^aSòti, sòti, sòti kò nou deyò nan kote sa a, pa touche bagay ^bsal; sòti nan mitan l; nou dwe ^cpwòp, nou menm ki pote veso Senyè a yo.

42 ^aPa soti vit ni kouri; paske Senyè a ap mache devan nou, epi Bondye Izrayèl la ap veye deyè pou nou.

43 Gade, sèvitè m nan pral ajì avèk pridans; yo pral egzalte l, yo pral louwe l, e yo pral leve l anlè nèt.

44 Anpil moun te sezi wè w—figi l te dekonpoze, plis pase tout lòt moun, e li pa t sanble moun ankò—

45 Se menm jan an li pral ^awouze anpil nasyon; wa yo pral fèmen bouch yo devan l, paske yo pral wè sa moun pa t di yo; e yo pral konprann sa yo pa t tande.

46 Anverite, anverite, m di nou, tout bagay sa yo dwe rive reyèlman, jan Papa a te kòmande m nan. Lè sa a alyans Papa a te fè avèk pèp li a pral akonpli; e lè sa a pèp mwen an pral abite nan ^aJerizalèm ankò, e se pral tè eritaj yo a.

CHAPIT 21

Izrayèl pral rasanble lè Liv Mòmmon an parèt—Janti yo pral tabli

34^a Eza. 52:9.

36^a Eza. 52:1-3;
D&A 113:7-10.
GE Siyon.

40^a Eza. 52:7;
Nawoum 1:15;

Mozya 15:13-18;
D&A 128:19.
^b Mak 13:10;
1 Ne. 13:37.

41^a Eza. 52:11-15.
^b GE Pwòp ak

malpwòp.
^c D&A 133:5.
42^a 3 Ne. 21:29.
45^a Eza. 52:15.
46^a Etè 13:5, 11.

kòm yon nasyon lib nan Amerik la—y ap sove si yo kwè epi si yo obeyi; otreman, y ap retranche e y ap detwi—Izrayèl pral bati Nouvo Jerizalèm nan, epi tribi ki te pèdi yo pral retounen. Anviwon 34 APRE JEZIKRI.

EPI anverite m di nou, m ap ba nou yon siy, pou nou kapab konnen “lè bagay sa yo pral rive—m pral rasanble Izrayèl, pèp mwen an, sòti nan gwo dispèsyon yo a, e m pral tabli Siyon m nan nan pami yo ankò.

2 Epi gade, se bagay sa a m ba nou kòm siy—paske anverite m di nou lè bagay sa yo m deklare nou la, ak bagay m pral deklare nou apre yo, e pa mwayen pouvwa Sentespri a Papa a gen pou l ba ou a, Janti yo ap vin konnen bagay sa yo pou yo kapab konnen pèp sa a ki se yon rès nan kay Jakòb la, ak pèp mwen an yo gen pou yo dispèse a;

3 Anverite, anverite, m di nou, lè Papa a fè yo konnen “bagay sa yo, e lè bagay sa yo sòti nan men Papa a, a l jwenn yo e vin jwenn nou;

4 Paske se daprè lasajès Papa a yo pral tabli nan peyi sa a, epi pouvwa Papa a pral tabli yo kòm yon pèp “lib, pou bagay sa yo kapab sòti nan men yo a l jwenn rès desandan nou yo,

pou balyans Papa a te fè avèk pèp li a, O, kay Izrayèl la, kapab akonpli;

5 Se poutèt sa, lè travay sa yo ak lòt travay ki pral fèt nan pami nou yo sòti “nan men janti yo, pou y a l jwenn bdesandan nou yo ki pral dejenere nan enkredilite poutèt inikite yo;

6 Poutèt sa, Papa a konnen se nesèsè pou l sòti nan men “janti yo, pou l kapab montre Janti yo pouvwa l, pou si Janti yo pa fè kè di, yo kapab repanti vin jwenn mwen, pou yo bapize nan non m, e pou yo kapab konnen eleman esansyèl doktrin nan, pou yo kapab bkonte nan pami pèp mwen an, O kay Izrayèl la;

7 Epi lè bagay sa yo rive pou “desandan nou yo kòmanse konnen bagay sa yo—se ap yon siy pou yo, pou yo kapab konnen travay Papa a te deja kòmanse pou akonpli alyans li te fè avèk moun yo ki fè pati kay Izrayèl la.

8 Epi lè jou sa a rive, se pral konsa, wa yo pral fèmen bouch yo; paske yo pral wè sa moun pa t di yo; e yo pral konprann sa yo pa t tandè.

9 Paske jou sa a, poutèt mwen, Papa a gen yon zèv li pral fè, yon zèv ki pral gran e ki pral yon “mèvèy nan pami yo; e pral

21 1a GE Dènye jou yo.

3a Etè 4:17;

I—JS 1:34–36.

4a 1 Ne. 13:17–19;

D&A 101:77–80.

b Mòm. 5:20.

GE Alyans Abraram.

5a 3 Ne. 26:8.

b 2 Ne. 30:4–5;

Mòm. 5:15;

D&A 3:18–19.

6a 1 Ne. 10:14;

Jakòb 5:54;

3 Ne. 16:4–7.

b Gal. 3:7, 29;

3 Ne. 16:13;

Abr. 2:9–11.

7a 3 Ne. 5:21–26.

9a Eza. 29:14;

Tra. 13:41;

1 Ne. 22:8.

GE Retablisman

levanjil la.

gen moun nan pami yo ki p ap kwè zèv sa a, menm lè yon moun deklare yo l.

10 Men gade, lavi sèvitè m nan pral nan men m; se poutèt sa, yo p ap kapab fè l mal, menm si l pral "soufri poutèt yo. Men, m ap geri l, paske m ap montre yo ^blasajès mwen pi gran pase mèt-dam dyab la.

11 Se poutèt sa, se pral konsa, nenpòt moun ki kwè nan pawòl mwen yo, mwenmenm ki Jezikri la, pawòl Papa a pral fè "l pote bay Janti yo, e l ap ba li pouvwa pou l kapab pote yo bay Janti yo, (e sa pral fèt jan Moyiz te di a) Papa a pral ^bretranche yo sòti nan pami pèp ki fè pati nan alyans la.

12 Epi pèp mwen an ki se yon rès Jakòb la pral nan pami Janti yo, wi, nan mitan yo, tankou yon "lyon ki nan pami bèt nan forè yo, tankou yon jèn lyon ki si l pase nan pami twoupo brebi, ap ^bpilonnen yo, rachonnen yo fè ti myèt, e pèsonn p ap kapab delivre yo, si l pase.

13 Men yo pral leve alatèt advèsè yo, e tout ènmi yo pral retranche.

14 Wi, malè pou Janti yo si yo pa "repanti; paske, se pral konsa, Papa a di konsa, nan jou sa a, m pral retranche cheval ou yo sòti nan pami w epi m pral detwi charyo w yo;

15 Epi, m pral kraze vil nan

peyi w yo, epi m pral chavire tout pwoteksyon w yo.

16 Epi, m pral wete maji nan peyi w la, epi ou p ap gen onkenn divinò ankò.

17 M pral detwi "imaj taye w yo tou, ak estati w yo nan pami ou, epi ou p ap kapab adore zèv men w yo ankò;

18 M pral rache pyebwa w yo nan pami ou; konsa m pral detwi vil ou yo.

19 Epi, se pral konsa, tout "manti, ak desepsyon, ak anvi, ak goumen, ak en trigdeprèt, ak abominasyon yo pral fini.

20 Epi, se pral konsa, Papa a di konsa, paske jou sa a nenpòt moun ki pa repanti vin jwenn Pitit Gason Byenneme m nan, m ap retranche yo sòti nan pami pèp mwen an, O kay Izrayèl la;

21 Epi m ap egzekite vanjans avèk kòlè sou yo, menm jan avèk sou payen yo, yon fason yo pa t janm konn tande.

22 Men, si yo repanti, epi si yo koute pawòl mwen yo, e si yo pa fè kè yo di, m ap "tabli legliz mwen an nan pami yo, y ap ran tre nan alyans la, e y ap ^bkonte nan pami rès Jakòb sa a, m te bay tè sa a kòm eritaj yo a.

23 Epi y ap ede pèp mwen an, rès Jakòb la, ak tout sa yo ki nan kay Izrayèl la k ap vini tou, pou yo kapab bati yon vil, k ap rele vil "Nouvo Jerizalèm nan.

24 Epi apre lè sa a y ap ede pèp

10a D&A 135:1-3.

b D&A 10:43.

11a 2 Ne. 3:6-15;
Mòm. 8:16, 25.

b D&A 1:14.

12a Miche 5:8-15;
3 Ne. 20:16.

b 3 Ne. 16:13-15.

14a 2 Ne. 10:18; 33:9.

17a Egz. 20:3-4;
Mozya 13:12-13;
D&A 1:16.

GE Idolatri.

19a 3 Ne. 30:2.

22a GE Dispansasyon.

b 2 Ne. 10:18-19;

3 Ne. 16:13.

23a 3 Ne. 20:22;

Etè 13:1-12.

GE Nouvo Jerizalèm.

mwen an pou l kapab rasanble ansanm, pèp mwen an ki dispèse sou sifas tout tè a, pou y ale nan nouvo Jerizalèm nan.

25 Epi apre sa, “pouvwa syèl la pral desann nan pami yo; e ^bm ap nan mitan yo tou.

26 Epi lè sa a, zèv Papa a pral kòmanse jou sa a, lè levanjil la ap preche nan pami rès pèp sa a menm. Anverite m di nou konsa, jou sa a zèv Papa a pral “kòmanse nan pami tout pèp mwen an ki te dispèse a, wi, menm tribi ki te ^bpèdi yo, Papa te mennen sòti nan peyi Jerizalèm nan.

27 Wi, zèv la pral kòmanse nan pami tout moun mwen yo ki te “dispèse a, avèk Papa a, pou l kapab prepare yon mwayen pou yo vin jwenn mwen, pou yo kapab priye Papa a nan non m.

28 Wi, epi lè sa a zèv la pral kòmanse, avèk Papa a, nan pami tout nasyon, pou l prepare yon fason pou pèp li a kapab “rasanble lakay yo nan peyi eritaj yo a.

29 Epi, Papa a di, e yo prale nan pami tout nasyon; men yo p ap prese ni “kouri, paske m ap mache devan yo e m ap gid yo.

CHAPIT 22

Nan dènye jou yo, Siyon ak pye li yo pral tabli, epi Izrayèl pral rasanble nan mizèrikòd ak tandrès—

Yo pral triyonfe—Konpare Ezayi 54. Anviwon 34 APRE JEZIKRI.

Epi lè sa a, pawòl ki te ekri yo pral akonpli: Chante, ou menm esteril, ou menm ki pa t fè pitit, leve vwa w pou w “chante ak rele fò, ou menm ki pa t santi doulè akouchman; Senyè a di konsa, paske pitit fanm abandone yo pi plis pase pitit madanm marye yo.

2 Fè plas nan tant ou a, e fè yo lonje rido nan abitasyon w yo; pa fè rezèv, tire kòd ou yo, e ranfòse “pye w yo.

3 Paske ou pral avanse a dwat epi a goch, e desandan w yo ap eritye tè yo nan men “Janti yo, e yo pral abite nan vil vid yo.

4 Pa pè, paske w p ap wont; ni tou yo p ap konfonn ou, paske yo p ap kapab “avili w; paske w ap bliye wont lè w te jèn nan, epi ou p ap sonje repwòch lè w te jèn nan, e ou p ap sonje repwòch lè w te vèw la ankò.

5 Paske, kreyatè w la, mari w la, se Senyè tout Lame yo ki non l; e Redanmtè w la, Sen Izrayèl la—y ap rele li Bondye tout tè a.

6 Paske, Senyè a te rele w kòm si w se yon fi abandone, ak aflije nan lespri; e Bondye w la di konsa, ou te yon jèn madanm lè yo te abandone w.

7 Paske m te bliye pou yon ti tan, men, m pral rasanble nan gwo mizèrikòd.

8 Epi Senyè a, Redanmtè w la

25a 1 Ne. 13:37.

b Eza. 2:2–4;

3 Ne. 24:1.

26a 1 Ne. 14:17;

3 Ne. 21:6–7.

b GE Izrayèl—Dis tribi

pèdi Izrayèl yo.

27a 3 Eza. 16:4–5.

28a GE Izrayèl—
Rasanbleman
Izrayèl la.

29a Eza. 52:12;

3 Ne. 20:42.

22 1a GE Chante.

2a GE Pye.

3a GE Janti yo.

4a 2 Ne. 6:7, 13.

di konsa, nan yon ti kòlè m te kache figi m ba ou pou yon ti tan, men, avèk yon jantiyès etènèl m ap gen “mizèrikòd pou ou.

9 Pou “sa se tankou, zafè ^bdlo Noye a devan mwen, paske menm jan m te sèman pou dlo Noye a pa janm kouvri tè a ankò, se konsa m te sèman pou m pa fache kont ou ankò.

10 Paske “montay yo pral sòti, e kolin yo pral deplase; men, men jantiyès mwen p ap ^bkite w, mwen p ap ritire alyans lapè mwen an nonplis, se sa Senyè ki gen mizèrikòd pou ou a di.

11 Ou menm ki aflije, ou menm tanpèt la ap balanse a, e ki san konsolasyon! Gade, m ap mete bèl koulè sou “wòch ou yo, e m ap bati fondasyon w la avèk safran.

12 Epi m ap fè fenèt ak wòch kolore, e pòt ou yo avèk ribi, e tout miray ou yo avèk bèl wòch.

13 Epi, “tout pitit ou yo pral aprann konsènan Senyè a; e lapè pitit ou yo pral gran.

14 Ou pral tabli nan “lajistis; ou p ap oprime paske p ap gen rezon pou w pè, e ou p ap sibi kòlè, paske li p ap vin prè w.

15 Gade, y ap rasanble ansanm kont ou, san konsantman m; nenpòt moun ki rasanble kont ou ap tonbe poutèt mwen.

16 Gade, m te kreye fòjewon an pou soufle sou chabon dife, e

pou fè zouti pou travay li; e m te kreye piyajè a pou detwi.

17 Senyè a di, onkenn zam ki itilize kont ou p ap pwospere; e w ap kondane tout lang ki pale mal sou ou. Sa se eritaj sèvitè Senyè a yo, e m ap fè yo pwogrese, se sa Senyè a di.

CHAPIT 23

*Jezi apwouve pawòl Ezayi yo—
Li kòmande pèp la pou yo fouye pawòl pwofèt yo—Pawòl Samyèl, Lamanit la, konsènan Rezirèksyon an, ajoute nan rejis yo. Anviwon 34 APRE JEZIKRI.*

Epi kounyeya, koute, m ap di w, ou dwe “li bagay sa yo. Wi, m ba w kòmandman pou w li bagay sa yo avèk dilijans, paske pawòl ^bEzayi yo gran.

2 Paske reyèlman, li te pale sou tout bagay konsènan pèp mwen an ki fè pati nan kay Izrayèl la; se poutèt sa, se nesèsè pou l pale avèk Janti yo tou.

3 Epi, tout bagay li te pale yo te fèt, e yo “pral fèt, dapre jan l te pale a.

4 Se poutèt sa, koute pawòl mwen yo; ekri bagay m te di w yo; e yo pral jwenn Janti yo lè tan an rive, dapre volonte Papa a.

5 Epi nenpòt moun ki koute pawòl mwen yo, ki repanti epi ki batize, moun sa a ap sove. Fouye pawòl “pwofèt yo, paske gen anpil nan yo ki temwaye konsènan bagay sa yo.

8a GE Mizèrikòd.

9a Eza. 54:9.

b GE Delij nan epòk Noye a.

10a Eza. 40:4.

b Sòm 94:14;

D&A 35:25.

11a Apok. 21:18–21.

13a Jer. 31:33–34.

14a GE Jis, jistis.

23 1a GE Ekriti yo.

b 2 Ne. 25:1–5;

Mòm. 8:23.

GE Ezayi.

3a 3 Ne. 20:11–12.

5a Lik 24:25–27.

6 Epi, kounyeya, lè Jezi te fin di pawòl sa yo, li te di yo ankò, apre l te fin detaye tout ekriti yo te resewa yo pou yo, li te di yo: gade gen lòt ekriti ou pa genyen, m ta renmen w ekri yo.

7 Epi, se te konsa, li te di Nefi: Pote rejis ou te sere yo.

8 Epi lè Nefi te fin pote rejis yo mete devan l, li te voye je sou yo e li te di:

9 M di nou anverite, m te kòmande Sèvitè m nan, “Samyèl, Lamanit la, pou l temwaye pèp sa a, pou l fè yo konnen, jou Papa a t ap glorifye non l nan mwen an, te gen ^banpil ‘sen ki t ap ^aleve sòti nan pami mò yo, ki t ap parèt devan anpil moun, epi ki t ap preche yo. Epi li te di yo: Èske sa pa t fèt?

10 Epi disip yo te reponn li, yo di: wi, Senyè, Samyèl te pwofetize jan w di a, e tout pwofesi yo te akonpli.

11 Epi Jezi te di yo: Kòman fè w pa t ekri bagay sa a, pou fè konnen anpil sen te leve, yo te parèt devan anpil moun, epi yo te preche yo?

12 Epi, se te konsa, Nefi te sonje bagay sa a pa t ekri.

13 Epi, se te konsa, Jezi te kòmande pou l ekri l; se poutèt sa, li te ekri l jan yo te kòmande l la.

14 Epi kounyeya, se te konsa, lè Jezi te fin “esplike tout ekriti yo te ekri yo fè yon sèl, li te

kòmande pou yo preche bagay li te esplike yo.

CHAPIT 24

Mesaje Senyè a pral prepare chemen an pou dezyèm vini an—Kris la pral chita sou fotèy jijman an—Izrayèl resewa kòmandman pou l peye dim ak ofrann yo—Yo konsève yon liv souvni—Konpare Malachi 3. Anviwon 34 APRE JEZIKRI.

EPI, se te konsa, li te kòmande yo pou yo ekri pawòl Papa a te bay Malachi yo, pawòl li te gen pou l di yo. Epi, se te konsa, lè yo te fin ekri, li te esplike yo. Epi men pawòl li te di yo, li te di yo: Men sa Papa a te di Malachi—Gade, m ap voye “mesaje m, l ap prepare chemen an devan m, e Senyè w ap chèche a pral parèt menm lè a nan tanp li a, mesaje alyans la menm, nan moun ou pran plèzi a; Senyè tout Lame yo di konsa, l ap vini.

2 Men kiyès ki kapab “sipòte jou l ap vini an, epi kiyès ki pral kanpe lè li parèt? Paske, li tankou yon dife ^bfòjewon ak savon pirifikatè.

3 Epi l ap tankou yon fòjewon ak yon pirifikatè lajan; e li pral pirifye “pitit gason Levi yo, li pral rafine yo tankou lò ak lajan, pou yo kapab ^bofri Senyè a yon ofrann lajistis.

4 Epi lè sa a, ofrann Jida a ak ofrann Jerizalèm nan pral fè

9a Ela. 13:2.

b Ela. 14:25.

c GE Sen (non).

d Mat. 27:52–53.

GE Rezirèksyon.

14a Lik 24:44–46.

24 1a D&A 45:9.

2a 3 Ne. 25:1.

b Zak. 13:9;

D&A 128:24.

GE Dezyèm

Vini Jezikri;

Tè—Netwayaj tè a.

3a Det. 10:8;

D&A 84:31–34.

b D&A 13.

Senyè a plèzi menm jan avèk nan tan lontan yo, e menm jan avèk nan ane pase yo.

5 Epi, Senyè tout Lame yo di konsa, epi m ap vin tou prè nou pou jijman; e m ap yon temwen tou pare kont sòsyè yo, ak kont adiltè yo, ak kont fo temwen yo, ak kont moun ki kenbe lajan boulon anplwaye yo, vèv yo, ak "òfelen yo, e ki chase etranje yo, e ki pa gen lakrent yo.

6 Paske m se Senyè a, m pa chanje; se poutèt sa, noumenm pitit gason Jakòb yo, nou pa detwi.

7 Depi nan epòk zansèt ou yo, ou te "abandone òdonans mwen yo, e nou pa t kenbe yo. Senyè tout Lame yo di, ^bretounen vin jwenn mwen, e m ap retounen vin jwenn nou. Men, nou di: kòman pou nou fè retounen an?

8 Èske yon moun kapab vòlè Bondye? Poutan, nou te vòlè m. Epi nou di: Nan kisa nou te vòlè w la? Nan "dim ak ^bofrann yo.

9 Nou modi anba malediksyon, paske nou vòlè m, tout nasyon sa a nèt.

10 Epi Senyè tout Lame a di, pote tout "dim yo nan magazen an, pou kapab gen manje nan kay mwen; e teste m pou nou wè si m p ap louvri fenèt syèl la, pou m vide ^bbenediksyon jistan pa gen kote pou nou mete l.

11 Epi, Senyè tout Lame yo di, mwen menase ensèk destriktè a pou pwoteksyon nou, e li p ap

kapab detwi fwi nan jaden nou yo; ni tou pyebwa nou yo p ap jete fwi yo anvan yo mi nan jaden nou yo.

12 Epi, Senyè tout Lame yo di konsa, tout nasyon ap di nou beni, paske, tè nou an ap rich.

13 Senyè a di konsa, pawòl nou yo te move kont mwen. Malgre sa nou di: Kisa nou te di kont ou?

14 Nou te di konsa: pa gen rezon pou nou sèvi Bondye, kisa sa te sèvi nou lè nou te respekte òdonans li yo, ak lè nou te mache tèt bese devan Senyè tout Lame yo?

15 Epi kounyeya nou panse moun ki gen lògèy yo byen; wi, moun k ap fè mechanste yo fè pwogrè; wi, yo tante Bondye e yo delivre.

16 Epi moun ki te gen lakrent pou Senyè a te "pale souvan youn ak lòt, e Senyè a te koute, e l te tande; e yon ^bliv souvni te ekri devan l pou moun ki gen krentif devan Senyè a, e respekte non l yo.

17 Epi, Senyè tout Lame yo di konsa, e y ap pou mwen, jòu sa a lè m "rasanble bijou m yo; e m ap pwoteje yo menm jan yon nonm pwoteje pitit gason pa l ki sèvi l.

18 Apre sa, ou pral retounen, epi w pral "fè diferans ant moun ki jis yo ak moun ki mechan yo, nan pami moun ant ki sèvi Bondye yo ak moun ki pa sèvi l yo.

5a Jak 1:27.

7a GE Apostazi.

b Ela. 13:11;

3 Ne. 10:6;

Mowo. 9:22.

8a GE Dim, diziyèm.

b GE Ofrann.

10a D&A 64:23; 119.

b GE Benediksyon, beni.

16a Mowo. 6:5.

b D&A 85:9;

Moyiz 6:5.

GE Liv rapèl.

17a D&A 101:3.

18a GE Disènman, Don.

CHAPIT 25

Nan Dezyèm vini an, moun ki gen lògèy yo ak mechan yo pral boule tankou pay—Eli pral retounen anvan gran jou terib sa a—Konpare Malachi 4. Anviwon 34 APRE JEZIKRI.

PASKE gade, Senyè tout Lame yo di konsa, gen yon jou ki pral vini k ap ^acho tankou you founo; e tout moun ki gen ^blògèy yo, wi, ak tout moun ki fè mechanste, yo pral boule, e jou k ap vini an pral boule yo tèlman, li p ap kite yo avèk ni rasin, ni branch.

2 Men, pou nou menm ki respekte non m, ^aPitit Gason lajistis la pral leve avèk gerizon nan zèl li; nou pral sòti, e n ap ^bgwonde tankou jèn ^cbèf nan patiraj.

3 Epi, Senyè tout Lame yo di konsa, e nou pral ^apilonnen mechan yo; paske, yo pral tounen sann anba pla pye nou jou m fè bagay sa a.

4 Sonje lalwa Moyiz la, sèvitè m nan, lalwa m te ba li nan ^aÒrèb la pou tout Izrayèl la, avèk prensip ak jijman yo.

5 Gade, m ap voye ^aEli, pwofèt la pou nou anvan gran ^bjou terib Senyè a vini.

6 Li pral ^avire kè Papa yo jwenn pitit yo, e kè pitit yo jwenn papa yo, san sa m ap vin modi tè a anba yon malediksyon.

CHAPIT 26

Jezi esplike tout bagay depi nan kòmansman jouk nan finisman—Bebe yo ak timoun piti yo pale bagay mèveye ki pa kapab ekri—Moun yo ki nan Legliz Kris la pataje tout bagay ansanm pami yo. Anviwon 34 APRE JEZIKRI.

EPI kounyeya, se te konsa, lè Jezi te fin di bagay sa yo, li te esplike foul la yo; e li te esplike yo tout bagay, ni gwo bagay ak ti bagay.

2 Epi li te di: ^aEkriti sa yo nou pa genyen an, Papa a te kòmande pou m ba nou yo; paske se te daprè lasajès li pou jenerasyon k ap vini yo te resevwa yo.

3 Epi li te esplike tout bagay, menm depi nan kòmansman jouk nan lè li te gen pou l vini nan ^alaglwa li a—wi, tout bagay ki te gen pou rive sou sifas tè a, menm jistan ^beleman yo fonn anba gwo chalè, e tè a vin ^cvlope ansanm tankou yon woulo, e syèl la ak tè a pase;

25 1a Eza. 24:6;
1 Ne. 22:15;
3 Ne. 24:2;
D&A 29:9; 64:23–24;
133:64;
I—JS 1:37.
GE Tè—Netwayaj
tè a.
b 2 Ne. 20:33.
GE Lògèy.
2a Etè 9:22.
b D&A 45:58.
c Amòs 6:4;

1 Ne. 22:24.
3a 3 Ne. 21:12.
4a Egz. 3:1–6.
5a 2 Wa 2:1–2;
D&A 2:1; 110:13–16;
128:17–18.
GE Eli (Pwofèt Ansyen
Testaman an);
Sali pou mò;
Sele, sèlman.
b GE Dezyèm
Vini Jezikri.
6a D&A 2:2.

26 2a svd Mal. 3 ak 4, ki
ekri nan 3 Ne. 24–25.
3a GE Jezikri—
Glwa Jezikri.
b Amòs 9:13;
2 Pyè 3:10, 12;
Mòm. 9:2.
GE Mond—Finisman
mond lan;
Tè—Netwayaj tè a.
c Mòm. 5:23.

4 Epi, nan “gran dènye jou a menm, lè tout pèp, tout fanmi, tout nasyon ak tout lang ^bkanpe devan Bondye pou yo pase anba jijman pou zèv yo, kit zèv yo te bon oubyen move—

5 Si yo bon, pou nan “rezirèksyon nan lavi etènèl; si yo move, pou rezirèksyon pou kondanasyon; yo an paralèl, youn nan yon bò, lòt la nan lòt bò a, dapre mizèrikòd, ak ^blajistis, ak sentete ki nan Kris la, ki te la ‘anvan mond lan te kòmanse.

6 Epi kounyeya, yon “santyèm pati nan bagay Jezi te vrèman preche pèp la pa kapab ekri nan liv sa a;

7 Men, gade “plak Nefi yo gen pi gwo pati nan bagay li te anseye pèp la.

8 Epi bagay sa yo m te ekri a pi piti pati nan pawòl li te preche pèp la; e m te ekri yo nan entansyon pou pèp sa a kapab resevwa yo ankò, “nan men Janti yo, dapre jan Jezi te pale a.

9 Epi lè yo fin resevwa bagay sa a, ki nesèsè pou yo jwenn anvan, pou teste lafwa yo, e si yo kwè bagay sa a yo, lè sa y ap resevwa “pi gwo bagay.

10 Epi si yo pa kwè bagay sa yo, lè sa a, yo p ap “resevwa pi gwo bagay nan men yo pou kondanasyon pa yo.

11 Gade, m ta pral ekri tout ba-

gay yo ki te ekri sou plak Nefi yo, men Senyè a te defann mwen fè sa, li te di: m ap “teste lafwa pèp mwen an.

12 Se poutèt sa, Mwenmenm Mòmmon, m ekri bagay Senyè a te kòmande m yo. Epi kounyeya Mwenmenm Mòmmon, m fini avèk pawòl mwen yo, e m kòmanse ekri bagay m te resevwa kòmandman pou m te ekri yo.

13 Se poutèt sa, m ta vle w konprann Senyè a te reyèlman anseye pèp la pandan twa jou; epi apre sa, li te fè yo “wè l souvan, li te kase ^bpen souvan, li te beni l, e li te ba yo l.

14 Epi, se te konsa, li te anseye, e sèvi “timoun nan foul m te pale yo, li te ^bdelye lang yo, e yo te pale papa yo gwo bagay mèveye, menm pi gwo pase sa li te revele pèp la; e li te delye lang yo pou yo te kapab pale.

15 Epi, se te konsa, lè l te fin monte nan syèl la—dezyèm fwa li te fè yo wè l la, e li t a l jwenn Papa a, lè l te fin “geri tout malad yo, ak paralize yo, e louvri je avèg yo, zòrèy moun soud yo, li te menm fè tout kalite gerizon nan pami yo, li te leve yon nonm nan lanmò, li te montre yo pouvw a l, e li te monte kote Papa a.

16 Gade, foul la te rasanble ansanm, yo te tande epi yo te wè timoun yo; wi, menm “ti bebe yo

4a Ela. 12:25;

3 Ne. 28:31.

b Mozya 16:10–11.

GE Jijman, Dènye a.

5a Dan. 12:2;

Jan 5:29.

b GE Jistis.

c Etè 3:14.

GE Jezikri—Egzistans

Premètèl Kris la.

6a Jan 21:25;

3 Ne. 5:8.

7a GE Plak.

8a 3 Ne. 21:5–6.

9a Etè 4:4–10.

10a Alma 12:9–11.

11a Etè 12:6.

13a Jan 21:14.

b 3 Ne. 20:3–9.

GE Sentsèn.

14a 3 Ne. 17:11–12.

b Alma 32:23;

3 Ne. 26:16.

15a 3 Ne. 17:9.

GE Geri, gerizon;

Mirak.

16a Mat. 11:25.

te louvri bouch yo, e yo te pale bagay mèveye; epi pawòl yo te pale yo te entèdi pou, pèsonn pa ta ekri yo.

17 Epi, se te konsa, “disip Jezi te chwazi yo te kòmanse ansenye, e yo te ^bbatize tout moun ki te vin jwenn yo depi lè sa a; e tout moun ki te batize nan non Jezi, Sentespri a te ranpli yo.

18 Epi, anpil ladan yo te wè, e yo te tandè bagay moun pa kapab pale, ki te “entèdi pou yo ta ekri yo.

19 Epi, yo te preche, e yo te sèvi youn lòt; e yo te pataje “tout bagay ^bansanm nan pami yo, chak moun te rann lajistis youn avèk lòt.

20 Epi, se te konsa, yo te fè tout bagay jan Jezi te kòmande yo a.

21 Epi moun ki te batize nan non Jezi yo te rele “legliz Kris la.

CHAPIT 27

Jezi kòmande yo pou yo bay Legliz la pote non Li—Misyon L ak sakrifis ekspyatwa Li a fòmè levanjil Li a—Lèzòm resevwa kòmandman pou yo repanti epi pou yo batize pou Sentespri a sanktifye yo—Yo dwe vin menm jan avèk Jezi. Anviwon 34–35 APRE JEZIKRI.

EPI, se te konsa, pandan disip Jezi yo t ap vwayaje, e yo t ap preche bagay yo te tandè ak wè yo, e yo t ap batize moun nan non Jezi, disip yo te rasanble

ansanm. E, se te konsa, yo te “reyini nan gwo priyè ak ^bjèn.

2 Epi Jezi te fè yo “wè l ankò, paske yo t ap priye Papa a nan non l; e Jezi te vin kanpe nan mitan yo, e li te di yo: Kisa nou ta vle m ba nou?

3 Epi yo te di l: Senyè, nou ta vle w di nou ki non pou nou bay legliz sa a; paske gen diskisyon nan pami pèp la konsènan zafè sa a.

4 Epi Senyè a te di yo: anverite, m ap di, poukisa pèp la dwe diskite ak plenyen poutèt bagay sa a?

5 Èske yo pa t li ekriti yo, ki di, nou dwe pote “non Kris la, ki se non mwen? Paske se non sa yo pral rele nou nan dènye jou a.

6 Epi nenpòt moun ki pote non m, ki “pèsevere jiska lafen, moun sa a ap sove nan dènye jou a.

7 Se poutèt sa, tout sa w ap fè, fè l nan non mwen; se poutèt sa, nou dwe bay legliz la pote non mwen, e nou dwe priye Papa a nan non mwen pou l kapab beni legliz la poutèt mwen.

8 Epi, kòman pou li ta “legliz ^bmwen si l pa pote non mwen? Paske, si yon legliz pote non Moyiz, se legliz Moyiz li ye; oubyen si l pote non yon moun, se legliz moun nan; men si l pote non mwen, se legliz mwen li ye, si l fonde sou levanjil mwen an.

9 Anverite, m ap di nou, nou

17a 3 Ne. 19:4–13.

b 4 Ne. 1:1.

18a 3 Ne. 26:11.

19a 4 Ne. 1:3.

b GE Konsakre, lwa
konsekasyon.

21a Moza 18:17.

GE Legliz Jezikri.

27 1a D&A 29:6.

b Alma 6:6.

GE Jèn, jene.

2a 3 Ne. 26:13.

GE Jezikri—

Aparisyon Kris

la apre lanmò l.

5a GE Jezikri—Pran non
Jezikri avèk nou.

6a 3 Ne. 15:9.

8a GE Jezikri—
Tèt Legliz la.

b D&A 115:4.

fonde sou levanjil mwen an; se poutèt sa nenpòt bagay n ap bay non, ba l non m; se poutèt sa, si nou priye Papa a pou legliz la, si se nan non m, Papa a ap tande nou;

10 Epi si legliz la fonde sou levanjil mwen an, Papa a ap montre zèv li ladan l.

11 Men, si l pa fonde sou levanjil mwen an, e li fonde sou travay lèzòm, oubyen sou zèv dyab la, anverite, m ap di nou yo gen lajwa nan zèv yo pou yon ti tan, men anvan lontan, lafen an ap rive, e y ap ^arache yo jete nan dife, kote pèsonn pa kapab sòti.

12 Paske zèv yo ap ^asuiv yo, paske se poutèt zèv yo, yo rache tonbe; se poutèt sa, sonje bagay m te di nou yo.

13 Reyèlman, m te ba nou ^alevanjil mwen an, e se levanjil sa a m te ba nou: m te vini nan mond lan pou m fè ^bvolonte Papa m, paske Papa m te voye m.

14 Epi Papa m te voye m pou yo te kapab ^aleve m sou kwa a, e apre yo fin leve m sou kwa a pou m kapab ^batire tout moun kote m, pou menm jan lèzòm te leve m sou kwa, menm jan an tou pou Papa m leve yo pou yo kanpe devan m, pou yo ^cjije pou zèv yo, kit zèv yo te bon oubyen move.

15 Epi se poutèt sa m te ^aleve; kounyeya, dapre pouvwa Papa a, m ap atire tout moun vin kote m, pou yo kapab pase anba jijman dapre zèv yo.

16 Epi, se pral konsa, nenpòt moun ki ^arepanti e ^bbatize nan non m, l ap rasazyè e si l ^cpèsevere jiska lafen, gade, m ap konsidere l inosan devan Papa m nan jou m ap kanpe pou m jije mond lan.

17 Epi, moun ki pa pèsevere jiska lafen, se moun sa yo k ap rache e jete nan dife, kote yo p ap janm kapab sòti, poutèt ^alajistis Papa a.

18 Epi se pawòl sa a li te bay lèzòm. Se poutèt sa, li akonpli pawòl li te bay la, e li pa bay manti, men, li akonpli tout pawòl li yo.

19 Epi ^aokenn bagay sal pa kapab antre nan wayòm li a; se poutèt sa pèsonn pa kapab antre nan ^brepo li a, eksepte moun ki te ^alave rad yo nan san m, poutèt lafwa yo, ak repantans pou tout peche yo, ak fidelite yo jiska lafen.

20 Kounyeya, men kòmandman an: ^aRepanti, noumenm ki nan tout kwen tè yo, vin jwenn mwen, e ^bbatize nan non m, pou nou kapab ^csanktifye lè nou resevwa Sentespri a, pou nou kapab

11 *a* Alma 5:52.

12 *a* Apok. 14:13;
D&A 59:2.

13 *a* D&A 76:40–42.
GE Levanjil.
b Jan 6:38–39.

14 *a* 1 Ne. 11:32–33;
Moyiz 7:55.
b Jan 6:44;
2 Ne. 9:5;

D&A 27:18.

c GE Jezikri—Jij.
15 *a* GE Ekspyasyon,
ekspye.

16 *a* GE Repantans, repanti.
b GE Batèm, batize.

c 1 Ne. 13:37.
GE Pèsevere.

17 *a* GE Jistis.

19 *a* Alma 11:37.

b D&A 84:24.

GE Repo.
c Apok. 1:5; 7:14;
Alma 5:21, 27;
13:11–13.

20 *a* Etè 4:18.

b GE Batèm, batize—
Lesansyèl.

c GE Sanktifikasyon.

kanpe san ^atach devan m nan dènye jou a.

21 Anverite, anverite, m ap di nou, sa se levanjil mwen an; e nou konnen ki bagay nou dwe fè nan legliz mwen an; paske nou dwe fè zèv nou te wè m fè yo, paske se sa nou te wè m fè, nou dwe fè;

22 Se poutèt sa, si nou fè bagay sa yo, n ap beni, paske n ap leve nan dènye jou a.

23 Ekri bagay nou te tande epi ou te wè yo, eksepte sa ki ^aentèdi yo.

24 Ekri zèv pèp sa a, bagay ki pral pase yo, menm jan bagay ki pase yo te ekri.

25 Paske reyèlman, se avèk liv ki te ekri ki pral ekri yo pèp sa a pral ^ajije, paske se liv sa yo ki pral fè lèzòm konnen ^bzèv yo.

26 Epi reyèlman, Papa a te ^aekri tout bagay; se poutèt sa, se avèk liv ki pral ekri yo lèzòm pral a jije.

27 Epi, èske nou konnen se ^anou menm ki pral jij pèp sa a, dapre jijman m pral ba nou, ki jis yo. Se poutèt sa, ki ^bkalite moun nou dwe ye? Anverite, m di nou, ^cmenm jan avèk mwen.

28 Epi kounyeya, ^am pral jwenn Papa a. Epi anverite, m di nou, nenpòt bagay nou mande Papa nan non m n ap resevwa l.

29 Se poutèt sa, ^amande, e n ap resevwa; frape, e y ap louvri pou nou; paske moun ki mande ap resevwa; e moun ki frape y ap louvri pou li.

30 Epi kounyeya, gade, m gen anpil lajwa, m menm ranpli, poutèt ou, epi tou poutèt jenerasyon sa a; wi, menm Papa a rejwi, ak tout zanj sen yo, poutèt ou ak jenerasyon sa a; paske ^aokenn ladan yo pa pèdi.

31 Gade, m ta vle nou konprann; paske, m vle di moun sa yo ki ^avivan nan ^bjenerasyon sa a; e yonn ladan yo pa pèdi; e m gen yon ^clajwa konplè poutèt yo.

32 Men, gade, sa fè m tris poutèt ^akatriyèm jenerasyon ki pral vini apre jenerasyon sa a, paske li mennen yo prizonye menm jan ak pitit gason pèdisyon an; paske, yo pral vann mwen pou lajan ak lò, ak bagay ^bmit bwa kapab detwi e pou bagay vòlè kapab kraze antre pou vòlè. Epi jou sa a m ap pini yo, m ap menm retounen zèv yo alatèt pa yo.

33 Epi, se te konsa, lè Jezi te fin di bagay sa yo, li te di disip li yo: Antre nan ^apòt jis la; paske pòt ki mennen nan lavi a jis e chemen an kwense, e se sèlman kèk moun ki jwenn li; men, pòt ki mennen nan lanmò a laj, e chemen an gran, e gen

20d D&A 4:2.

23a 3 Ne. 26:16.

25a 2 Ne. 33:10–15;

P—M 1:11.

b 1 Ne. 15:32–33.

26a 3 Ne. 24:16.

GE Liv lavi.

27a 1 Ne. 12:9–10;

Mòm. 3:19.

b GE Jezikri—

Egzanp Jezikri.

c Mat. 5:48;

3 Ne. 12:48.

28a Jan 20:17.

29a Mat. 7:7;

3 Ne. 14:7.

30a Jan 17:12.

31a 3 Ne. 9:11–13; 10:12.

b 3 Ne. 28:23.

c GE Jwa.

32a 2 Ne. 26:9–10;

Alma 45:10, 12.

b Mat. 6:19–21;

3 Ne. 13:19–21.

33a Mat. 7:13–14;

3 Ne. 14:13–14;

D&A 22.

anpil moun ki vwayaje ladan l, jistan nuit la rive, lè sa a pèsonn pa kapab travay.

CHAPIT 28

Nèf nan douz disip yo vle epi yo resewa pwomès pou yon eritaj nan wayòm Kris la lè yo mouri—Twa Nefit yo vle epi yo resewa pouwa sou lanmò pou yo rete sou tè a jistan Jezi retounen ankò—Yo chanje epi yo wè bagay ki entèdi pou yo pale, epi kounyeya menm, y ap travay nan pami lèzòm. Anviwon 34-35 APRE JEZIKRI.

EPI, se te konsa, lè Jezi te fin di pawòl sa yo, li te pale avèk disip li yo youn apre lòt, li te di yo: ki sa nou vle nan men m, lè m fin ale kote Papa m.

2 Epi yo tout, eksepte twa, te reponn, yo te di: Apre nou fin viv jistan nou granmoun, nou vle, apre travay ou te voye nou akonpli a fini, pou nou kapab a l jwenn ou vit nan wayòm ou an.

3 Epi li te di yo: Nou beni poutèt nou te vle bagay sa nan men m; se poutèt sa, lè w gen swasant-douz ane, n ap viv jwenn mwen nan wayòm mwen an; e n ap jwenn "repo avèk mwen.

4 Epi lè l te fin pale avèk yo, li te vire gade twa lòt yo, e li te di yo: Kisa nou vle m fè pou nou, lè m fin ale kote Papa m?

5 Epi yo te tris nan kè yo, paske

yo pa t vle pran chans mande l bagay yo te vle a.

6 Epi li te di yo: Gade, m "konnen panse nou yo, e nou vle bagay ^bJan, byenneme m nan ki te nan ministè m nan, anvan Juif yo te mete m sou kwa a, te vle nan men m nan.

7 Se poutèt sa, nou pi beni, paske nou p ap "janm goute ^blanmò; men n ap viv pou nou wè tout zèv Papa a pral fè pou lèzòm, jistan tout bagay fin akonpli dapre volonte Papa a, lè m retounen nan laglwa m avèk "pouvwa syèl la.

8 Epi nou p ap janm soufri doulè lanmò; men lè m retounen nan laglwa m, n ap chanje nan yon klendèy, sòti nan "mòtalite pou ^bimòtalite; e apre sa, n ap beni nan wayòm Papa m nan.

9 Epi ankò, nou p ap gen doulè pandan n ap viv nan kò sa a, ni tristès, eksepte poutèt peche mond lan; e m ap fè tout bagay sa a poutèt bagay nou te vle nan men m nan, paske, nou te vle pou nou kapab "mennen nanm lèzòm ban mwen, pandan mond lan kontinye egziste a.

10 Epi poutèt sa, n ap gen yon "lajwa konplè; e n ap chita nan wayòm Papa m nan; wi, lajwa nou ap konplè, menm jan Papa a te ban mwen lajwa konplè a; epi n ap menm jan ak mwen, e m menm jan ak Papa a; e Papa a ak mwen nou fè ^byonn;

28 3a GE Repo.

6a Amòs 4:13;

Alma 18:32.

b Jan 21:21-23;

D&A 7:1-4.

7a 4 Ne. 1:14;

Mòm. 8:10-11;

Ètè 12:17.

b GE Èt anlv.

c 3 Ne. 20:22.

8a 3 Ne. 28:36-40.

GE Mòtalite, mòtèl.

b GE Imòtalite, imòtèl.

9a Filip. 1:23-24;

D&A 7:5-6.

10a D&A 84:36-38.

b Jan 17:20-23.

11 “Sentespri a rann temwaj konsènan Papa a ak mwen; e Papa a bay lèzòm Sentespri a poutèt mwen.

12 Epi, se te konsa, lè Jezi te fin pale pawòl sa yo, li te touche yo chak avèk dwèt li, eksepte twa sa ki te dwe rete yo, e apre sa li t ale.

13 Epi gade, menm lè a, syèl yo te l louvri, yo te “monte, yo te wè e yo te tandè bagay moun pa kapab pale.

14 Epi li te “entèdi yo pale; ni tou yo pa t resevwa pouvwa pou yo pale bagay yo te wè ak bagay yo te tandè;

15 Epi yo pa t kapab di si yo te nan kò fizik la oubyen si yo pa t nan kò fizik la; paske, sanble yo te “transfigire, yo te chanje kò sa a pou yon kò imòtèl pou yo te kapab wè zèv Bondye yo.

16 Men, se te konsa, yo te preche ankò sou sifas tè a; men yo pa t preche bagay yo te tandè ak bagay yo te wè yo, poutèt kòmandman yo te resevwa sòti nan syèl la.

17 Epi kounyeya, m pa konnen si yo te mòtèl oubyen imòtèl, depi jou yo te transfigire a.

18 Men, sèlman sa m konnen, dapre sa ki te ekri, yo t ale sou sifas tè a, e yo te preche tout pèp la, yo te reyini tout moun ki te kwè nan prèch yo nan legliz la; yo te batize yo, e tout moun ki te batize te resevwa Sentespri a.

19 Epi moun ki pa t manm legliz la te mete yo nan prizon. Epi “prizon yo pa t kapab kenbe yo, paske prizon yo te fann ande.

20 Epi moun te fouye twou mete yo anba, men yo te frape tè a avèk pawòl Bondye, e avèk “pouvwa l yo te delivre sòti anba pwofondè tè a; e konsa, moun pa t kapab fouye twou ki te fon ase pou mete yo.

21 Epi yo te jete yo nan yon “founò dife twa fwa, e anyen pa t rive yo.

22 Epi yo te lage yo nan “twou bèt sovaj de fwa; e gade, yo te jwe avèk bèt yo tankou yon timoun avèk yon mouton ki te nan tete, e anyen pa t rive yo.

23 Epi, se te konsa, yo t ale nan pami tout pèp Nefi a, epi yo te preche tout moun nan peyi a “levanjil Kris la; e moun yo te konvèti nan Senyè a, yo te reyini nan legliz Kris la, epi konsa, pèp “jenerasyon sa a te beni jan Jezi te di a.

24 Epi kounyeya, mwenmenm Mòm, m sispann pale konsènan bagay sa yo pou yon tan.

25 Gade, m ta pral ekri “non moun sa yo ki pa t dwe janm goute lanmò a, men Senyè a te entèdi m; se poutèt sa, m pa ekri yo, paske yo kache devan mond lan.

26 Men gade m te wè yo, e yo te pale avèk mwen.

27 Epi gade, yo pral nan pami

11a 2 Ne. 31:17-21;
3 Ne. 11:32.

13a 2 Kor. 12:2-4.

14a D&A 76:114-116.

15a Moyiz 1:11.

GE Transfigirasyon.

19a Tra. 16:26;

Alma 14:26-28.

20a Mòm. 8:24.

21a Dan. 3:22-27;

4 Ne. 1:32.

22a Dan. 6:16-23;

4 Ne. 1:33.

23a GE Levanjil.

b 3 Ne. 27:30-31.

25a 3 Ne. 19:4.

Janti yo, e Janti yo p ap konnen yo.

28 Yo pral nan pami Juif yo tou, e Juif yo p ap konnen yo.

29 Epi, se pral konsa, lè Senyè a wè l nesèsè nan lasajès pa l pou yo preche tribi Izrayèl ki “dispèsè yo, ak tout nasyon, fanmi, lang ak pèp, e pou yo mennen anpil nanm nan pami yo bay Jezi, pou volonte yo kapab akonpli, epi tou poutèt pouvwa konvenkan Bondye a ki nan yo.

30 Epi, yo tankou “zanj Bondye yo, e si yo priye Papa a nan non Jezi, yo kapab fè nenpòt moun yo vle, wè yo.

31 Se poutèt sa, yo pral fè zèv gwo ak mèveye, anvan “gran jou k ap vini an, lè tout moun dwe kanpe toutbon devan fotèy jijman Kris la;

32 Wi, menm nan pami Janti yo, yo pral fè zèv “gwo ak mèveyè, anvan jou jijman sa a.

33 Epi si nou te gen tout ekriti yo, ki rakonte istwa tout zèv mèveye Kris la, nou t ap konnen, daprè pawòl Kris la, bagay sa yo dwe rive toutbon.

34 Epi malè yon moun ki “pa vle koute pawòl Jezi yo, epi tou ak ^bmoun yo li te chwazi, e li te voye nan pami yo; paske yon moun ki pa aksepte pawòl Jezi, ak pawòl moun li te voye yo, moun sa pa resevwa l; e se poutèt sa, li p ap resevwa yo nan dènye jou a.

35 Epi, li t ap pi bon pou yo si yo pa t fèt. Paske, èske nou panse nou kapab sòti anba lajistis yon Bondye ki te ofanse, ki te “pilonnen anba pye lèzòm, pou sali ta ka vini konsa?

36 Epi kounyeya, gade jan m te pale konsènan moun yo Senyè a te chwazi a, wi, twa moun sa yo menm ki te monte nan syèl la, moun sa yo m pa t konnen si yo te sòti nan mòtalite pou al nan imòtalite—

37 Men gade depi m te ekri a, m te mande Senyè a, e li te fè m konnen, te gen chanjman ki te fèt nan kò yo; san sa, yo t ap goute lanmò;

38 Se poutèt sa, yon “chanjman te fèt nan kò yo, pou yo te kapab pa soufri doulè, ni lapenn, eksepte pou peche mond lan.

39 Chanjman sa a pa t menm jan avèk sa ki pral fèt nan dènye jou a; men yon chanjman te opere nan yo, konsa Satan pa t kapab gen okenn pouvwa sou yo, konsa li pa t kapab “tante yo; e kò yo te ^bsanktifye, konsa yo te ^csen, e pouvwa tè yo pa t kapab gen kontwòl sou yo.

40 Epi y ap rete konsa jouk nan jou jijman Kris la; e nan jou sa a, yo pral resevwa yon pi gran chanjman, e yo pral antre nan wayòm Papa a pou yo pa janm sòti; men, pou yo rete pou tout tan avèk Bondye nan syèl la.

29a GE Izrayèl—
Dispèsyon Izrayèl la;
Izrayèl—Dis tribi
pèdi Izrayèl yo.
30a GE Zanj yo.

31a Ela. 12:25;
3 Ne. 26:4–5.
32a 2 Ne. 25:17.
34a Etè 4:8–12.
b GE Pwofèt.

35a Ela. 12:2.
38a GE Èt anlve.
39a GE Tantasyon, tante.
b GE Sanktifikasyon.
c GE Sentete.

CHAPIT 29

Aparisyon Liv Mòmmon an se yon siy ki fè konnen Senyè a te kòmmanse rasanble Izrayèl, epi Li te kòmmanse akonpli alyans Li yo— Moun ki rejte revelasyon ak don L yo ki nan dènye jou yo ap modi. Anviwon 34–35 APRE JEZIKRI.

Epi kounyeya gade, m di nou konsa, lè Senyè a wè l nesèsè, nan lasajès li, pou bagay sa yo “vin jwenn janti yo, dapre jan li te di a, lè sa a, nou mèt konnen ^balyans Papa a te fè avèk pitit Izrayèl yo, konsènan restorasyon yo nan peyi eritaj yo a deja kòmmanse akonpli.

2 Epi nou kapab konnen tout pawòl Senyè a pwofèt sen yo te pale a pral akonpli; e nou pa bezwen di konsa Senyè a pran twòp “tan pou l vin jwenn pitit Izrayèl yo.

3 Epi nou pa bezwen panse nan kè nou, pawòl ki te pale yo san valè, paske, reyèlman, Senyè a ap sonje alyans li yo li te fè avèk pèp li a, kay Izrayèl la.

4 Epi lè nou wè pawòl sa yo vini nan pami nou, lè sa a, nou dwe sispann meprize zèv Senyè a yo, paske, “epe ^blajistis la nan men dwat li; e reyèlman, jou sa a, si nou meprize zèv li yo, l ap fè nou peye pou sa.

5 Malè “yon moun ki ^bmeprize zèv Senyè a yo; wi, malè yon

moun ki “nye Kris la ak zèv li yo!

6 Wi, malè “yon moun ki nye revelasyon Senyè a yo, e ki di konsa, Senyè a pa bay revelasyon ankò, oubyen pwofesi, oubyen ^bdon, oubyen lang, oubyen gerizon, oubyen pouvwa Sentepri a.

7 Wi, e jou sa a, malè yon moun ki di konsa, Jezikri “pa kapab fè mirak ankò, pou l kapab tire ^bpwofi; paske, yon moun ki fè sa, l ap vin tankou “pitit gason pèdisyon an, pa t gen mizèrikòd pou li a, dapre sa Kris la te di a!

8 Wi, e nou pa dwe kontinye “moke, ni ^bmeprize, ni pase “Juif yo nan betiz, ni okenn rès nan kay Izrayèl la; paske, reyèlman, Senyè a sonje alyans li te fè avèk yo a, e l ap fè sa l te sèmante pou l te fè pou yo a.

9 Se poutèt sa, pa panse nou kapab fè men dwat Senyè a tounen men goch li, pou l pa egzekite jijman pou l akonpli alyans li te fè avèk kay Izrayèl la.

CHAPIT 30

Janti nan dènye jou yo resevwa kòmmandman pou yo repanti, pou yo vin jwenn Kris la, e pou yo konte nan pami kay Izrayèl la. Anviwon 34–35 APRE JEZIKRI.

KOUTE, noumenm Janti yo, e tande pawòl Jezikri yo, Pitit

29 1a 2 Ne. 30:3–8.
b Mòm. 5:14, 20.
2a Lik 12:45–48.
4a 3 Ne. 20:20.
b GE Jistis.
5a 2 Ne. 28:15–16.

b Mòm. 8:17;
Etè 4:8–10.
c Mat. 10:32–33.
6a Mòm. 9:7–11, 15.
b GE Don Lespri yo.
7a 2 Ne. 28:4–6;

Mòm. 9:15–26.
b GE Fo prèt.
c GE Pitit pèdisyon yo.
8a 1 Ne. 19:14.
b 2 Ne. 29:4–5.
c GE Juif yo.

Gason Bondye vivan an, li te “kòmande m pou m pale konsènan noumenm nan, paske li te kòmande m pou ekri, li te di konsa:

2 Noumenm, tout “Janti yo, sòti nan move chemen nou yo; e ^brepanti nan move zak nou yo, ak manti nou yo, ak idolatri seksyèl ou yo, ak abominasyon sekrè nou yo, ak idolatri

nou yo, ak اساسina nou yo, ak fopret nou yo, ak anvi nou yo, ak diskisyon nou yo, ak tout mehanste ak abominasyon nou yo, e vin jwenn mwen, e batize nan non m, pou nou kapab gen remisyon pou peche nou yo, pou Sentespri a kapab ranpli nou, pou nou kapab “konte nan pami moun mwen yo ki fè pati nan kay Izrayèl la.

KATRIYÈM NEFI LIV NEFI A

KI SE PITIT GASON NEFI—YOUN NAN DISIP JEZIKRIYO

Istwa pèp Nefi a, dapre rejis li a.

Tout Nefit yo ak tout Lamanit yo konvèti nan Senyè a—Yo pataje tout bagay ansanm, yo fè mirak, epi yo pwospere nan peyi a—Aprè de syèk, divizyon, mehanste, fo legliz, ak pèsekisyon leve—Aprè twasan ane, Nefit yo ak tout Lamanit yo vin mehan—Amawon sere rejis sakre yo. Anviwon 35–321 APRÈ JEZIKRI.

EPI, se te konsa, trannsenkyèm nan tou, e reyèlman disip Jezi yo te fòme legliz Kris la toupatou nan peyi a. Epi, tout moun ki te vin jwenn yo, e ki te reyèlman repanti pou peche yo,

moun sa yo te batize nan non Jezi; epi yo te resevwa Sentespri a tou.

2 Epi, se te konsa, nan trannsizyèm ane a, tout pèp la te konvèti nan Senyè a, nan tout peyi a, ni Nefit yo, ak Lamanit yo, e pa t gen chirepit ak diskisyon nan pami yo, e tout moun te aji byen, youn ak lòt.

3 Epi, yo te pataje “tout bagay nan pami yo, youn bay lòt; se poutèt sa pa t gen rich ak pòv, esklav ak lib, men tout moun te vin lib, e yo te resevwa don ki soti nan syèl la.

4 Epi, se te konsa, trannsetyèm ane a te pase tou, e te

30 1a 3 Ne. 5:12–13.

2a GE Janti yo.

b GE Repantans, repanti.

c Gal. 3:27–29;

2 Ne. 10:18–19;

3 Ne. 16:10–13;

21:22–25;

Abr. 2:10.

[4 NEFI]

1 3a Tra. 4:32;

3 Ne. 26:19.

GE Konsakre, lwa konsekrasyon.

toujou kontinye gen lapè nan peyi a.

5 Epi, disip Jezi yo te tèlman manifeste gwo zèv mèveye, yo te ^ageri malad, yo te leve moun mouri, e yo te fè moun paralize mache, yo fè moun avèg yo wè, e moun soud tandè; e yo te fè tout kalite ^bmirak nan pami pitit lèzòm; e yo pa t fè okenn mirak san se pa t nan non Jezi.

6 Epi, se konsa trann-uityèm ane a te pase, ak trant-nevyèm nan, ak karanteyinyèm nan, ak karant-dezyèm nan, wi menm jistan karann-nevyèm ane a te pase, ak senkanteyinyèm nan, ak senkant-dezyèm nan; wi, menm jistan senkant-nèf ane te pase.

7 Epi Senyè a te fè yo pwospere anpil nan peyi a; wi, tèlman, yo te rebati vil nan plas vil yo te boule yo.

8 Wi yo te menm fè rebati gwo ^avil Zarayemla a ankò.

9 Men, te gen anpil vil ki te ^anwaye, epi dlo te monte nan plas yo; se poutèt sa, vil sa yo pa t kapab rebati.

10 Epi kounyeya reyèlman, se te konsa, pèp Nefi a te vin fò, yo te miltipliye vit, e yo te vin yon pèp ekstrèmman ^abèl ak dezirab.

11 Yo te marye, e yo te marye moun, e yo te beni daprè anpil pwomès Senyè a te fè yo.

12 Epi yo pa t mache daprè ^aegzijans ak òdonans ^blalwa Moyiz la ankò; men, yo te mache daprè kòmandman yo te resevwa nan men Senyè Bondye yo a, yo te kontinye ^cjene, priye, e reyini ansanm souvan pou yo priye e pou yo koute pawòl Senyè a.

13 Epi, se te konsa, pa t gen chirepit nan pami tout pèp la, nan tout peyi a; men, te gen gwo mirak ki te fèt nan pami disip Jezi yo.

14 Epi, se te konsa, swasann-onzyèm ane a te pase, ak swasann-douzyèm ane a tou, wi, e alafen, jistan swasann-disetyèm ane a te pase; wi, menm santan te pase, e tout disip Jezi te chwazi yo t al nan ^aparadi Bondye a, eksepte ^btwa sa ki te gen pou yo rete a; e te gen lòt ^cdisip ki te ^dòdone nan plas yo; epi tou anpil moun nan jenerasyon sa a te pase.

15 Epi, se te konsa, ^apa t gen chirepit nan peyi a, poutèt lanmou Bondye ki te nan kè pèp la.

16 Epi ^apa t gen anvi, ni mèt-dam, ni lobo, ni idolatri seksyèl, ni manti, ni asasina, ni okenn kalite ^banvi sal; e reyèlman pa t ap kapab gen yon pèp ki ^cpi kontan nan pami tout pèp men Bondye te kreye.

17 Pa t gen vòlè, ni asasen, ni

5a GE Geri, gerizon.

b Jan 14:12.

GE Mirak.

8a 3 Ne. 8:8.

9a 3 Ne. 9:4, 7.

10a Mòm. 9:6.

12a 2 Ne. 25:30;

3 Ne. 15:2-8.

b GE Lwa Moyiz.

c Mowo. 6:5;

D&A 88:76-77.

14a GE Paradi.

b 3 Ne. 28:3-9.

GE Èt anlve.

c GE Disip.

d GE Òdinasyon, òdone.

15a GE Lapè.

16a GE Inite.

b GE Konvwate,

konvwatiz.

c Mozya 2:41;

Alma 50:23.

GE Jwa.

tou pa t gen Lamanit, ni okenn kalite-it; men, yo te “youn, pitit Kris yo, ak eritye wayòm Bondye yo.

18 Epi yo te beni anpil! Paske Senyè a te beni yo nan tout zèv yo; wi, yo te beni, e yo te pwospere jistan sandis ane te pase; e premye jenerasyon depi epòk Kris la te pase, e pa t gen chirepit nan tout peyi a.

19 Epi, se te konsa, Nefi sila a ki te ekri dènye rejis yo, (e li te ekri yo sou “plak Nefi yo) te mouri, e Amòs, pitit gason li a te kenbe l nan plas li; e li te ekri l sou plak Nefi yo tou.

20 Epi li te kenbe l pandan katreven-kat ane, e te toujou gen lapè nan peyi a, eksepte yon ti gwoup nan pèp la ki te revòlte sòti nan legliz la e yo te rele tèt yo Lamanit; se poutèt sa, te kòmanse gen Lamanit nan peyi a ankò.

21 Epi, se te konsa, Amòs te mouri tou, (e sa te fè san katreven-katòz ane depi aparasyon Kris la) e pitit gason li a, Amòs, te kenbe rejis yo nan plas li; epi tou li te kenbe l sou plak Nefi yo; epi tou li te ekri nan liv Nefi a, ki se liv sa a.

22 Epi, se te konsa, desan ane te pase; e tout dezyèm jenerasyon an te pase, eksepte kèk moun.

23 Epi kounyeya, mwen menm Mòmmon, m ta vle nou konnen, pèp la te tèlman miltipliye, yo te

gaye sou tout sifas peyi a, e yo te vin rich anpil, poutèt pwosperite yo nan Kris la.

24 Epi kounyeya, nan desaninyèm ane sa a, te gen moun nan pami yo ki te vin chaje avèk “lògèy, ki te abiye ak rad ki chè, ak tout kalite bijou rafine, ak bagay ki koute chè nan mond lan.

25 Epi, depi lè sa a, yo pa t genyen byen yo “melanje ankò.

26 Epi, yo te kòmanse divize fè klas; e yo te kòmanse bati “legliz pou tèt pa yo pou ^benterè, e yo te kòmanse nye vrè legliz Kris la.

27 Epi, se te konsa, lè desandis ane te fin pase, te gen anpil legliz nan peyi a; wi, te gen anpil legliz ki te deklare yo konnen Kris la, e malgre sa, yo tèlman te “nye pifò nan levanjil li a, yo te aksepte tout kalite mechanste, e yo te administre bagay sakre bay moun ki ^bpa t gen dwa resevwa l, poutèt endiyite yo.

28 Epi, “legliz sa a te miltipliye anpil poutèt inikite, e poutèt pouvwa Satan ki te gen enfliyans sou kè yo.

29 Epi ankò, te gen yon lòt legliz ki te nye Kris la; e yo te “pèsekite vrè legliz Kris la, poutèt imilite l ak kwayans li nan Kris la; e yo te meprize l poutèt tout kantite mirak ki te fèt ladan l.

30 Se poutèt sa, yo te egzèse pouvwa ak otorite sou disip Jezi yo ki te rete nan pami yo, e yo

17a Jan 17:21.

GE Siyon.

19a GE Plak.

24a GE Lògèy.

25a 4 Ne. 1:3.

26a 1 Ne. 22:23;

2 Ne. 28:3;

Mòm. 8:32-38.

b D&A 10:56.

GE Fo prèt.

27a GE Apostazi.

b 3 Ne. 18:28-29.

28a GE Dyab—

Legliz dyab la.

29a GE Pèsekisyon,

pèsekite.

te jete yo nan "prizon; men, avèk pouvw a Bondye ki te avèk yo a, prizon yo te fann fè de, e yo t al fè gwo mirak nan pami yo.

31 Men, malgre tout mirak sa, yo, pèp la te fè kè di, e yo te vle touye yo menm jan Juif nan Jerizalèm yo te chèche touye Jezi poutèt pawòl li yo.

32 Epi, yo te jete yo "nan founo ^bdife, men yo te soti san domaj.

33 Epi tou, yo te jete yo nan "twou bèt sovaj, men, yo te jwe avèk bèt sovaj yo menm jan yon timoun jwe avèk yon ti mouton; e yo te soti nan pami yo san domaj.

34 Malgre sa, pèp la te fè kè di, paske anpil prèt ak fo pwo-fèt te dirije yo pou yo bati anpil legliz, e pou yo fè tout kalite inikite. Epi, yo te "bat pèp Jezi a; men, pèp Jezi a pa t bat yo tou. Epi konsa, yo te dejenere nan en-kredilite ak mechanste, yon ane apre yon lòt, menm jistan desan-trant ane te pase.

35 Epi kounyeya, se te konsa, nan ane sa a, wi, nan desan-tranteyinyèm ane a, te gen yon gwo divizyon nan pami pèp la.

36 Epi, se te konsa, nan ane sa a, te gen yon pèp ki te rele Nefit ki te leve, e yo te fidèl nan Kris; e nan pami yo, te gen moun Lamanit yo te rele Jakobit, Jozefit ak Zoramit.

37 Konsa, fidèl nan Kris yo, ak vrè adoratè Kris yo, ("twa disip Jezi yo te nan pami yo) yo

te rele Nefit, Jakobit, Jozefit ak Zoramit.

38 Epi, se te konsa, moun ki te rejte levanjil yo te rele Lamanit, ak Lemyelit, ak Ismayelit; e yo pa t dejenere nan en-kredilite, okon-trè yo te fè "rebèl avèk volonte pa yo kont levanjil Kris la; e yo te ansenye pitit yo pou yo pa t kwè, menm jan zansèt yo te dejenere depi nan kòmansman an.

39 Epi, se te poutèt mechanste ak abominasyon zansèt yo, menm jan sa te ye nan kòmansman an. Epi yo te "preche yo pou yo rayi pitit Bondye yo, menm jan Lamanit yo te aprann pou yo rayi pitit Nefi yo depi nan kòmansman an.

40 Epi, se te konsa, desan-karann-kat ane te pase, e se konsa sityasyon pèp la te ye. Epi, pati ki te pi mechan nan pami pèp la te vin fò, e yo te vin plis anpil pase pèp Bondye a.

41 Epi, yo te kontinye bati legliz pou tèt pa yo, e yo te dekore legliz yo avèk tout kalite bagay ki te chè. Epi konsa, desan-senkant ane te pase, epi tou desan-swasant ane te pase.

42 Epi, se te konsa, pati ki mechan nan pèp la te kòmanse pratike sèman sekre ak "kon-binezon sekre Gadyanton yo ankò.

43 Epi tou, pèp ki te rele pèp Nefi a te kòmanse gen lògèy nan kè l ankò, poutèt anpil richès yo, e yo te vin gen vanite menm jan avèk frè yo, Lamanit yo.

30a 3 Ne. 28:19-20.

32a 3 Ne. 28:21.

^b Dan. 3:26-27.

33a 3 Ne. 28:22.

34a 3 Ne. 12:39;

D&A 98:23-27.

37a 3 Ne. 28:6-7;

Mòm. 8:10-11.

38a GE Rebelyon.

39a Mozya 10:17.

42a GE Konbinezon sekre.

44 Epi depi lè sa a, disip yo te kòmanse gen lapenn poutèt “peche mond lan.

45 Epi, se te konsa, lè twasan ane te pase, ni pèp Nefi a, ni Lamanit yo te vin mechan anpil, youn menm jan avèk lòt.

46 Epi, se te konsa, vòlè Gadyanton yo te gaye sou tout sifas peyi a; e pèsonn pa t jis, eksepte disip Jezi yo. Epi pèp la te rasanble lò ak lajan an abondans, e yo te fè tout kalite komès.

47 Epi, se te konsa, apre twasan-senk ane te fin pase, (e pèp la te toujou rete nan me-

chanste) Amòs te mouri; e frè l la, Amawon, te kenbe rejis yo nan plas li.

48 Epi, se te konsa, lè twasanven ane te pase, Sentespri a te pouse Amawon, e li te kache “rejis ki te sakre yo—wi, tout rejis sakre ki te pase depi nan yon jenerasyon jouk nan lòt jenerasyon yo, ki te sakre yo—menm jouk nan twasan-ventyèm ane depi lè Kris la te vini an.

49 Epi li te kache yo nan Senyè a, pou yo kapab “vin jwenn kay Jakòb la ankò, daprè pwofesi Senyè a yo. Epi konsa, se finisman rejis Amawon an.

LIV MÒMON AN

CHAPIT 1

Amawon enstwi Mòmmon konsènan rejis sakre yo—Lagè kòmanse nan pami Nefit yo ak Lamanit yo—Twa Nefit yo sòti—Mechanste, enkredilite, maji ak wanga pran pye. Anviwon 321–326 APRE JEZIKRI.

EPI kounyeya, Mwen “Mòmmon, m fè yon ^brejis konsènan bagay m te wè ak tande, e m rele l Liv Mòmmon an.

2 Epi, prèske menm epòk “Amawon te kache rejis yo nan Senyè a, li te vin kote m, (m te gen dizan anviwon, e m te kòmanse yon jan ^bapran daprè fason edikasyon pèp mwen an)

e Amawon te di m konsa: M sispèk ou se yon timoun serye, e w gen talan pou w kapab obsève.

3 Konsa, lè w gen anviwon vennkat ane, m ta vle w sonje bagay yo ou te obsève konsènan pèp sa a; e lè w gen laj sa a, ale nan peyi Antoum nan, sou yon kolin ki rele “Chim; e se la m te depoze rejis sakre yo konsènan pèp sa a, nan Senyè a.

4 Pran “plak Nefi yo avèk ou, e kite rès yo kote yo ye a; epi ekri tout bagay yo ou te obsève konsènan pèp sa a sou plak Nefi yo.

5 Epi, mwen menm Mòmmon,

44a 3 Ne. 28:9.

48a Ela. 3:13, 15–16.

49a Enòs 1:13.

[MÒMON]

1 1a GE Mòmmon,
pwofèt Nefit.
b 3 Ne. 5:11–18.
2a 4 Ne. 1:47–49.

b Mozya 1:3–5.

3a Etè 9:3.

4a P—M 1:1, 11.
GE Plak.

paske m se desandan "Nefi, (e papa m te rele Mòmmon) m te sonje bagay Amawon te kòmande m yo.

6 Epi, se te konsa, lè m te gen onzan, papa m te mennen m nan dezè sid la, nan peyi Zarayemla a menm.

7 Tout sifas peyi a te vin kouvri avèk kay, e pèp la te prèske menm kantite ak sab lanmè a.

8 Epi, se te konsa, nan ane sa a, te kòmanse gen yon lagè nan pami Nefit yo, ki te genyen Nefit ak Jakobit ak Jozefit, ak Zoramit yo ladan; e lagè sa a te nan pami Nefit yo, ak Lamanit yo ak Lemyelit yo, ak Ismayelit yo.

9 Kounyeya, Lamanit yo ak Lemyelit yo ak Ismayelit yo te rele Lamanit, e de gwoup yo te Nefit ak Lamanit.

10 Epi, se te konsa, lagè a te kòmanse nan pami yo nan fwontyè Zarayemla a, bò dlo Sidon an.

11 Epi, se te konsa, Nefit yo te rasanble anpil gason ansanm, kantite a te menm depase trantmil. Epi nan menm ane sa yo te gen anpil batay, nan batay sa yo, Nefit yo te bat Lamanit yo e yo te touye anpil ladan yo.

12 Epi, se te konsa, Lamanit yo te abandone plan yo a, e te gen lapè ki te tabli nan peyi a; e lapè a te dire pou yon peryòd kat ane anviwon, san pa t gen masak.

13 Men, tèlman mechanste

te domine sou sifas tout tè a, Senyè a te wete "disip byenneme li yo, e zèv mirak ak gerizon te sispann poutèt inikite pèp la.

14 Epi Senyè a pa t bay okenn "don, e ^bSentespri a pa t desann sou okenn moun poutèt mechanste yo ak "enkredilite yo.

15 Epi, paske mwen menm te gen kenzan e m te yon jan serye, poutèt sa, Senyè a te vizite m, m te goute e m te konnen bonte Jezi.

16 Epi m te eseye preche pèp sa a, men bouch mwen te fèmen, e m te resevwa entèdiksyon pou m preche yo; paske avèk pwòp volonte yo, yo te "fèrebèl kont Bondye yo a; e disip byenneme yo te ^bsoti nan peyi a, poutèt inikite pèp la.

17 Men, m te rete nan pami yo, men m te resevwa entèdiksyon pou m preche yo, poutèt kè yo te di; e poutèt kè yo te di, tè a te "modi poutèt yo.

18 Epi vòlè Gadyanton yo ki te nan pami Lamanit yo, te tèlman anvayi peyi a, abitan yo ki nan peyi a te kòmanse kache "trezò yo nan tè a; e yo te vin pèdi, paske Senyè a te modi tè a, e yo pa t kapab kenbe byen yo ni pran yo ankò.

19 Epi, se te konsa, te gen sòsèlri, ak wanga, ak maji; e pouvwva malen an te gaye sou tout tè a, jistan pawòl Abinadi yo ak pawòl Samyèl yo, Lamanit la te akonpli.

5a 3 Ne. 5:12, 20.

13a 3 Ne. 28:2, 12.

14a Mowo. 10:8-18, 24.

b GE Sentespri.

c GE Enkredilite.

16a GE Rebelyon.

b Mòm. 8:10.

17a 2 Ne. 1:7;

Alma 45:10-14, 16.

18a Ela. 13:18-20;

Etè 14:1-2.

CHAPIT 2

Mòmòn dirije lame Nefit yo—San ak masak bale peyi a—Nefit yo lamante epi yo pran plenyen avèk lapenn pou moun kondane yo—Jou gras yo a pase—Mòmòn resewa rejis Nefi yo—Lagè yo kontinye. Anviwon 327-350 APRE JEZIKRI.

EPI, se te konsa, nan menm ane a, te kòmanse gen yon lagè ankò ant Nefit yo ak Lamanit yo. Malgre m te jèn, m te gwo nan kò; se poutèt sa, pèp Nefi a te lonmen m dirijan yo, oubyen dirijan lame yo.

2 Poutèt sa, se te konsa, nan sèzyèm ane mwen, m te dirije yon lame Nefit kont Lamanit yo; epi twasan-vennsis ane te pase.

3 Epi, se te konsa, nan twasan-vennsyèm ane a, Lamanit yo te tèlman vini sou nou avèk anpil fòs, yo te fè lame m nan pè; se poutèt sa, yo pa t vle batay, epi yo te kòmanse sove ale nan dirèksyon peyi nò yo.

4 Epi, se te konsa, nou te rive nan vil Angola a, nou te pran vil la, e nou te fè preparasyon pou nou defann tèt nou kont Lamanit yo. Epi, se te konsa, nou te fòtififye vil la avèk fòs nou; men, malgre tout fòtifikasyon nou yo, Lamanit yo te vini sou nou, e yo te pouse nou deyò vil la.

5 Yo te pouse nou deyò vil David la tou.

6 Nou te mache ale nan vil Jozye a ki te nan fwontyè lwès bò rivaj lanmè a.

7 Epi, se te konsa, nou te rasan-

ble moun nou yo byen vit pou nou te kapab fè yo fè yon sèl kò.

8 Men, peyi a te chaje ak vòlè, e ak Lamanit; e malgre gwo destriksyon ki te pandye sou tèt pèp mwen an, yo pa t repanti nan move bagay yo; se poutèt sa, te gen san ak masak ki te gaye nan tout peyi a, ni bò kote Nefit yo, ak bò kote Lamanit yo; e se te yon revolisyon total nan tout peyi a.

9 Lamanit yo te gen yon wa; li te rele Aawon; li te vini kont nou avèk yon lame ki te genyen karann-kat-mil moun, e se te konsa, m te kanpe devan l avèk karann-de-mil; m te bat li avèk lame m nan, e li te kouri devan m. Epi gade, tout bagay sa yo te fèt, e twasan-trant ane te pase.

10 Epi kounyeya, Nefit yo te kòmanse repanti pou inikite yo, e yo te kòmanse kriye menm jan Samyèl, pwofèt la te di a; paske pa t gen moun ki te kapab kenbe sa ki te pou li poutèt lawon ak vòlè, maji ak lougawou ki te nan peyi a.

11 Konsa, te kòmanse gen plenyen ak lamantasyon nan tout peyi a poutèt bagay sa yo, espesyalman nan pami pèp Nefi a.

12 Epi, se te konsa, lè mwen menm Mòmòn, m te wè lamantasyon ak plenyen ak tristès pèp la devan Senyè a, kè m te kòmanse kontan andedan m; m te konnen mizèrikòd ak pasyans Senyè a, se poutèt sa, m te konprann li t ap gen mizèrikòd pou yo ta vin tounen yon pèp ki jis ankò.

13 Men gade, lajwa m nan te

anven, paske ^atristès yo a pa t mennen yo nan repantans poutèt bonte Bondye; men, se te pito tristès moun ^bkondane; paske, Senyè a pa t ap aksepte tout tan pou yo gen ^clajwa nan peche.

14 Epi yo pa t vin jwenn Jezi avèk ^akè brize, e lespri kontri, men, yo te ^bmodi Bondye, e yo t ap mande lanmò; men, yo te goumen ak epe lavi yo.

15 Epi, se te konsa, tristès mwen an te retounen ankò; m te wè ^ajou ^blagras la ^cte pase pou yo, ni tanporèlman ni espartyèlman; paske, m te wè anpil milye ladan yo ki te tonbe kareman nan rebelyon kont Bondye yo a, e yo te anpile tankou pay nan peyi a. Konsa twasan-karann-kat ane te pase.

16 Epi, se te konsa, nan twasan-karann-senkyèm ane a Nefit yo te kòmanse kouri devan Lamanit yo; Lamanit yo te suiv yo jistan yo te rive nan peyi Jèchon an, anvan l te posib pou sispann yo kouri.

17 Epi kounyeya, vil Jèchon an te tou pre ^apeyi kote Amawon te depoze rejis yo nan Senyè a pou te anpeche yo detwi a. M t ale, jan Amawon te di m nan, m te pran plak Nefi yo, e m te fè yon rejis jan Amawon te di m nan.

18 Epi, sou plak Nefi yo, m te rakonte tout mechanste yo ak abominasyon yo; men, sou ^aplak sa yo, pa t kapab rakonte

tout mechanste ak abominasyon yo, paske gade, yon sèn mechanste ak abominasyon te devan je m depi lè m te gen konnesans pou m konprann che-men lèzòm.

19 Epi malè mwen poutèt mechanste moun sa yo; paske, kè m te chaje avèk lapenn poutèt mechanste moun sa yo chak jou nan lavi m; men, m konnen m ap ^amonte anlè nan dènye jou a.

20 Epi, se te konsa, nan ane sa a, Lamanit yo te chase pèp Nefi a ankò e kouri dèyè l. Epi, yo te kouri dèyè nou jistan nou te vini nan nò, nan peyi ki te rele Sèm nan.

21 Epi, se te konsa, nou te fòtifye vil Sèm nan, e nou te rasanble pèp nou an plis li te posib pou petèt, nou ta kapab sove yo anba destriksyon.

22 Epi, se te konsa, nan twasan-karann-sizyèm ane a, yo te kòmanse vini sou nou ankò.

23 Epi, se te konsa, m te pale avèk pèp mwen an, m te egzòte yo avèk anpil fòs pou yo kanpe djanm devan Lamanit yo, pou yo ^agoumen pou madanm yo, pitit yo, kay yo ak fwaye yo.

24 Epi, pawòl mwen yo te yon jan ba yo fòs tèlman, yo pa t kouri devan Lamanit yo, men, yo te kanpe djanm kont yo.

25 Epi, se te konsa, avèk yon lame trant-mil moun, nou te goumen avèk yon lame ki te gen senkantmil moun. Epi, se

2 13a 2 Kor. 7:10;

Alma 42:29.

b GE Danasyon, dane.

c Alma 41:10.

14a GE Kè brize.

b GE Blasfèm, blasfeme.

15a Ela. 13:38.

b GE Gras.

c Jer. 8:20;

D&A 56:16.

17a Mòm. 1:1–4.

18a GE Plak.

19a Mozya 23:22;

Etè 4:19.

23a Mozya 20:11;

Alma 43:45.

te konsa, nou te tèlman kanpe fèm devan yo, yo te kouri devan nou.

26 Epi, se te konsa, lè yo te kouri, nou te suiv yo avèk lame nou yo; nou te jwenn yo ankò e nou te bat yo; men, fòs Senyè a pa t avèk nou ankò; wi, nou te pou kont nou, Lespri Senyè a pa t rete avèk nou; se poutèt sa, nou te vin fèb menm jan avèk frè nou yo.

27 Epi, kè m te nan lapenn poutèt kalamite pèp mwen an, poutèt mechanste ak abominasyon yo. Men gade, nou te mache kont Lamanit yo ak vòlè Gadyanton yo jistan nou te reprann tè nou te posede yo.

28 Epi, twasan-karant-nevyèm ane a te pase. Epi nan twasan-senkantyèm ane a nou te siyen yon kontra ak Lamanit yo, e ak vòlè Gadyanton yo; nan kontra sa a, nou te divize tè nou yo ak bagay nou te eritye yo.

29 Epi, Lamanit yo te ban nou tè nan nò yo, wi, menm jouk nan “pasaj etwat ki te mennen nan sid la. Epi nou te bay Lamanit yo tout tè nan sid yo.

CHAPIT 3

Mòmmon preche Nefit yo repantans—Yo gen yon gwo viktwa, e yo fè lwanj pou fòs pa yo—Mòmmon refize dirije yo, e priyè li yo pa gen lafwa—Liv Mòmmon an envite douz tribi Izrayèl yo pou yo kwè nan levanjil la. Anviwon 360–362 APRE JEZIKRI.

EPI, se te konsa, Lamanit yo pa t vin batay ankò jistan dis ane

te fin pase. Epi gade, m te pare pèp mwen an, Nefit yo, m te pare tè yo ak zam yo pou lè gen batay.

2 Epi, se te konsa, Senyè a te di m: Rele nan tè pèp sa a—Repanti epi vin jwenn mwen, batize, tabli legliz mwen an ankò, e n ap epaye.

3 M te rele nan tè pèp la, men, se te anven; yo pa t konprann se te Senyè a ki te epaye yo, e ki te ba yo yon chans pou repantans. Epi gade, yo te fè kè yo di kont Senyè Bondye yo a.

4 Epi, se te konsa, apre dis ane sa yo te fin pase, ki te fè yon total twasan-swasant ane depi lè Kris la te vini an, wa Lamanit la te ekri m yon lèt, ki te fè m konnen yo t ap pare pou yo vin goumen avèk nou ankò.

5 Epi, se te konsa, m te fè pèp mwen an rasanble ansanm nan peyi Dezolasyon an, nan yon vil ki te nan fwontyè yo, bò chemen kwense ki te mennen nan peyi sid yo.

6 Epi, se la nou te mete lame nou yo, pou nou kapab bloket lame Lamanit yo, pou anpeche yo pran okenn pati nan tè nou yo; se poutèt sa, nou te pare pou yo, avèk tout fòs nou.

7 Epi, se te konsa, nan twasan-swasanteyinyèm ane a, Lamanit yo te desann nan vil Dezolasyon an pou yo goumen avèk nou; epi, se te konsa, nan ane sa a, nou te tèlman bat yo, yo te tounen sou tè pa yo ankò.

8 Epi, nan twasan-swasann-dezyèm ane a, yo te desann vin batay ankò. Epi nou te bat

yo ankò, nou te touye anpil la-dan yo, e nou te voye mò yo nan lanmè a.

9 Epi kounyeya, poutèt gwo bagay sa a, pèp mwen an, Nefit yo te fè a, yo te kòmanse “fè louwanj pou pwòp fòs yo, e yo te kòmanse fè sèman sou syèl la, pou fè konnen yo gen pou yo vanje san frè yo ki te mouri anba men ènmi yo.

10 Epi, yo te fè sèman sou syèl la ak sou twòn Bondye a pou yo “monte al goumen avèk ènmi yo, pou yo elimine yo sou sifas tè a.

11 Epi, se te konsa, mwen menm Mòmou, m te refize toutbon pou m kòmande ak dirije pèp sa a, poutèt mechanste yo ak abominasyon yo.

12 Gade, m te dirije yo, malgre mechanste yo m te dirije yo nan batay anpil fwa e m te renmen yo dapre “lanmou Bondye ki te nan mwen, ak tout kè m; e nanm mwen te plonje nan la-priye devan Bondye pou yo tout lajounen; men, se te ^bsan lafwa, poutèt kè yo ki te di.

13 Epi, m te delivre yo twa fwa anba men ènmi yo, epi yo pa t repanti nan peche yo.

14 Epi, lè yo te fin sèman sou tout bagay Senyè a, Sovè nou an, Jezikri te “defann yo, pou yo fè konnen y ap monte al goumen avèk ènmi yo pou yo vanje san frè yo, vwa Senyè a te fè m tande l, li te di:

15 Epi se pou mwen “vanjans ye, m ap ^bremèt; poutèt pèp sa a pa repanti apre m te fin delivre yo, gade y ap efase sou sifas tè a.

16 Epi, se te konsa, m te refize monte kont ènmi m yo toutbon; e m te fè jan Senyè a te kòmande m nan, m te rete tankou yon temwen inaktif pou m temwaye mond lan bagay m te wè ak bagay m te tande, dapre manifestasyon Lespri a ki temwaye bagay ki gen pou fèt.

17 Se poutèt sa, m ekri “nou, Janti yo, epi tou, nou menm kay Izrayèl la, lè travay la kòmanse, n ap prèske prepare pou nou retounen nan peyi nou te eritye a;

18 Wi gade, m ekri nou, tout kwen tè a; wi, m ekri nou, douz tribi Izrayèl yo, nou menm douz òm yo Jezi te chwazi kòm disip li yo nan peyi Jerizalèm nan gen pou yo “jije dapre zèv nou yo.

19 Epi, m ekri rès pèp sa a tou; pèp “douz òm Jezi te chwazi sou tè sa a gen pou jije a, e se lòt douz òm yo Jezi te chwazi nan peyi Jerizalèm nan ki pral jije yo.

20 Epi, se bagay sa yo Lespri a fè m wè; se poutèt sa m ekri tout moun. Epi se poutèt sa m ekri nou pou nou kapab konnen, nou gen pou nou kanpe devan “fotèy jijman Kris la, wi, tout nanm ki fè pati nan tout kòd ^bfanmi Adan

3 9a 2 Ne. 4:34.

10a 3 Ne. 3:20-21;

Mòm. 4:4.

12a GE Lanmou, renmen.

b Mòm. 5:2.

14a 3 Ne. 12:34-37.

15a GE Vanjans.

b D&A 82:23.

17a 2 Ne. 30:3-8;

3 Ne. 29:1.

18a Mat. 19:28;

Lik 22:29-30;

D&A 29:12.

19a 1 Ne. 12:9-10.

20a GE Jijman, Dènye a.

b D&A 27:11.

an; nou gen pou nou jije pou zèw nou, kit yo bon kit yo pa bon;

21 Epi tou, pou nou kapab “kwè levanjil Jezikri a nou pral genyen nan pami nou an; e pou ^bjuif yo, pèp alyans Senyè a kapab gen lòt “temwayaj anplis sa yo te wè ak tandè a, Jezi sa yo te touye a, pou yo konnen li se ^avrè Kris la ak vrè Bondye a.

22 Epi m ta vle konvenk nou, noumenm ki nan “tout kwen tè a, pou nou repanti e prepare pou nou prezante devan fotèy jijman Kris la.

CHAPIT 4

Lagè ak masak kontinye—Mechan pini mechan—Pi gwo mechanste pase tout tan anvan l pran pye nan tout Izrayèl, yo sakrifye fi ak timoun bay zidòl yo—Lamanit yo kòmanse bale wouze Nefit yo. Anviwon 363–375 APRE JEZIKRI.

Epi kounyeya, se te konsa, nan twasanswasanntwazyèm ane a, Nefit yo te monte soti nan peyi Dezolasyon an avèk lame yo, pou y al goumen avèk Lamanit yo.

2 Epi, se te konsa, Lamanit yo te pouse lame Nefit yo ankò nan peyi Dezolasyon an. Epi pandan yo te toujou fatigue, yon lame Lamanit frèch te tonbe sou yo; e batay la te tèlman mare, Lamanit yo te sezi vil Dezolasyon an, yo te touye anpil nan Nefit yo, e yo te pran anpil prizonye.

3 Epi rès la te kouri al jwenn

abitan yo ki te nan vil Teyankòm nan. Kounyeya vil Teyankòm nan te lonje nan fwontyè bò plaj lanmè a; epi tou li te pre vil Dezolasyon an.

4 Epi se “paske lame Nefit yo te monte kont Lamanit yo, ki fè yo te kòmanse tonbe; paske si se pa t pou sa, Lamanit yo pa t ap kapab gen pouvwa sou yo.

5 Men, gade, jijman Bondye ap anvayi mechan yo; e se anba men mechan, moun mechan yo ap “pini; paske se mechan yo ki soulve kè pitit lèzòm pou fè san koule.

6 Epi, se te konsa, Lamanit yo te fè preparasyon pou yo vini kont vil Teyankòm nan.

7 Epi, se te konsa, nan twasanswasannkatyèm ane a, Lamanit yo te vin kont vil Teyankòm nan, pou yo te kapab sezi vil Teyankòm nan tou.

8 Epi, se te konsa, Nefit yo te pouse yo deyò. Epi lè Nefit yo te wè yo te pouse Lamanit yo, yo te fè lwanj pou fòs pa yo; yo t ale avèk fòs pa yo, e yo reprann vil Dezolasyon an ankò.

9 Epi kounyeya, tout bagay sa yo te fèt, e anpil milye moun te mouri nan de kan yo, ni Nefit yo, ni Lamanit yo.

10 Epi, se te konsa, twasanswasannsizyèm ane a te pase, e Lamanit yo te vini sou Nefit yo ankò pou yo goumen; e Nefit yo pa t repanti pou peche yo te fè yo, okontrè, yo te toujou pèsiste nan mechanste.

11 Epi li enposib pou yon lang

21a D&A 3:20.
b GE Juif yo.
c 2 Ne. 25:18.

d 2 Ne. 26:12;
Mozya 7:27.
22a Alma 29:1.

4 4a Mòm. 3:10.
5a D&A 63:33.

ta dekri, oubyen pou yon moun ta ekri yon deskripsyon pafè konsènan sèn efreyan san ak masak ki te nan pami pèp la, ni Nefit yo, ak Lamanit yo; e kè tout moun te vin di; konsa, yo te pran plezi nan fè san koule tout tan.

12 Epi pa t janm gen gwo "mèchanste konsa nan pami tout pitit Leyi yo, ni menm nan pami tout kay Izrayèl la, daprè pawòl Senyè a, jan sa te ye nan pami pèp sa a.

13 Epi, se te konsa, Lamanit yo te sezi vil Dezolasyon an, e sete paske "yo te depase kantite Nefit yo.

14 Epi yo te mache kont vil Te-yankòm nan, e yo te pouse abitan yo deyò; yo te pran anpil prizonye, ni fi, ak timoun e yo te ofri yo kòm sakrifis bay fo bondye "zidòl yo.

15 Epi, se te konsa, nan twasanswasannsyèm ane a, Nefit yo ki te fache poutèt Lamanit yo te sakrifye fi yo ak timoun yo, yo t ale kont Lamanit yo avèk tèlman yon gwo kòlè, yo te bat Lamanit yo ankò, e yo te mete yo deyò nan peyi yo a ankò.

16 Epi, Lamanit yo pa t vini kont Nefit yo ankò jouk nan twasanswasannkenzyèm ane a.

17 Epi nan ane sa a, yo te vini kont Nefit yo avèk tout fòs yo; e moun pa t ka konte yo paske yo te tèlman anpil.

18 Epi "depi lè sa a, Nefit yo pa t gen pouvwa sou Lamanit yo ankò, okontrè Lamanit yo te

kòmanse bale wouze yo menm jan avèk lawouze devan solèy.

19 Epi, se te konsa, Lamanit yo te desann kont vil Dezolasyon an; e te gen yon batay rèd anpil ki te mare nan peyi Dezolasyon an, nan batay sa a, yo te bat Nefit yo.

20 Epi, Nefit yo te kouri devan yo ankò, e yo t al kache nan vil Boaz la; e nan kote sa a, yo te kanpe devan Lamanit yo tèlman fèm, Lamanit yo pa t bat yo jistan yo te retounen ankò yon dezyèm fwa.

21 Epi lè Lamanit yo te tounen yon dezyèm fwa, yo te pouse Nefit yo, e yo te masakre yo nan yon masak terib; yo te sakrifye devan zidòl yo ankò.

22 Epi, se te konsa, Nefit yo te kouri devan yo ankò, yo te pran tout abitan yo avèk yo, ni nan vil yo, ak vilaj yo.

23 Epi, kounyeya, mwenn menm Mòmmon, m te wè Lamanit yo ta pral anvayi peyi a, se poutèt sa, m t ale nan kolin "Chim nan, e m te pran rejis Amawon te kache nan Senyè a.

CHAPIT 5

Mòmmon dirije lame Nefit yo ankò nan kèk batay san ak masak—Liv Mòmmon an pral parèt pou l konvenk tout Izrayèl, pou yo konnen Jezi se Kris la—Poutèt enkredilite yo, Lamanit yo pral gaye, e Lespri a pral sispann lite avèk yo—Yo pral resevwa levanjil la nan men Janti yo nan dènye jou yo. Anviwon 375-384 APRE JEZIKRI.

12a Jen. 6:5;
3 Ne. 9:9.

13a Mòm. 5:6.
14a GE Idolatri.

18a Mòm. 3:3.
23a Mòm. 1:3.

EPI, se te konsa, m t ale nan pami Nefit yo, e m te repanti poutèt "sèman m te fè pou m pa t ede yo a; yo te ban m kòmandman lame a ankò, paske yo te konte sou mwen pou m te kapab delivre yo anba afliksyon yo te ye a.

2 Men gade, m te "san espwa, paske m te konnen jijman Senyè a te gen pou l tonbe sou yo; paske yo pa t repanti pou inikite yo, men, yo te lite pou sove lavi yo san yo pa t priye moun ki te kreye yo a.

3 Epi, se te konsa, Lamanit yo te vini dèyè nou pandan nou te kouri al nan vil Jouden an; men, nou te pouse yo, e yo pa t pran vil la lè sa a.

4 Epi, se te konsa, yo te tounen vini dèyè nou ankò, nou te pwoteje vil la, e te gen lòt vil tou Nefit yo te pwoteje, rezistans yo te bare Lamanit yo, yo pa t kapab vini nan zòn devan nou an pou yo te touye moun ki te nan vil la.

5 Men, se te konsa, tout kote nou te pase, nou pa t gen tan rasanble moun yo, Lamanit yo te detwi yo; e pwovens yo, vilaj yo, ak vil yo te boule nan dife; e twasanswasanndiznèf ane te pase.

6 Epi, se te konsa, nan twasankatreventyèm ane a, Lamanit yo te vin goumen avèk nou ankò, e nou te kanpe djanm devan yo; men, se te anven, paske yo te tèlman anpil, yo te pilonnen Nefit yo anba pye.

7 Epi, se te konsa, nou te kouri ankò, e moun ki te kouri pi vit pase Lamanit yo te chape; men, moun ki pa t depase Lamanit yo te tonbe, e yo te detwi.

8 Epi kounyeya, mwenmenm Mòmòn, m pa vle toumante nanm lèzòm nan ekpoze devan yo kalite sèn san ak masak terib sa a ki te devan je m nan; men, m konnen moun fèt pou konnen bagay sa yo, epi tout bagay ki kache gen pou yo "revele sou tèt kay yo—

9 Epi tou, konesans bagay sa yo gen pou yo "vin jwenn rès pèp sa a ak Janti yo, ke Senyè a di ki gen pou yo ^bgaye pèp sa a, epi pèp sa a ap gen pou l san valè nan pami yo a—se poutèt sa, m ekri yon "ti rezime; m pa pran chans ekri tou bagay m te wè poutèt kòmandman m te resevwa, epi tou pou nou kapab pa gen twòp lapenn poutèt mechanste pèp sa a.

10 Epi kounyeya, men sa m di desandan pèp sa a, ak Janti yo ki gen konsiderasyon pou kay Izrayèl la, e ki reyalize e ki konnen ki kote benediksyon yo soti.

11 Paske m konnen Janti yo pral pran lapenn pou kalamite kay Izrayèl la; wi, yo pral pran lapenn pou destriksyon pèp sa a; yo pral pran lapenn poutèt pèp sa a pa t repanti pou yo te kapab fèmen nan bra Jezi.

12 Kounyeya "bagay sa yo ekri pou ^brès kay Jakòb la; e yo ekri konsa paske Bondye konnen

5 1a Mòm. 3:11.
2a Mòm. 3:12.
8a Lik 12:2-3;
2 Ne. 27:11;

D&A 1:3.
9a 4 Ne. 1:49.
b 3 Ne. 16:8.
c Mòm. 1:1.

12a Enòs 1:16;
Ela. 15:11-13.
GE Liv Mòmòn.
b D&A 3:16-20.

mechanste p ap fè yo jwenn bagay sa yo, e Senyè a gen pou l kache bagay sa yo pou yo kapab sòti lè l vle.

13 Epi, se kòmandman sa a m te resevwa; yo gen pou yo parèt dapre kòmandman Senyè a lè l wè l nesèsè nan sajès li.

14 Epi gade, yo pral jwenn “Juif enkredil yo; e se nan entansyon sa a yo prale—pou yo kapab ^bpèsyade yo ke Jezi se Kris la, Pitit Gason Bondye ki vivan an; pou Papa a kapab akonpli, nan pitit li pi renmen an, gwo plan etènèl li a, pou l restore Juif yo oubyen tout kay Izrayèl la, nan peyi eritaj Senyè Bondye yo a te ba yo a, pou l akonpli ^aalyans li.

15 Epi tou, pou desandan ^apèp sa a kapab pi byen konprann levanjil li a, k ap ^bsòti nan men Janti yo pou al jwenn yo, paske pèp sa a pral ^agaye, li pral ^avin tounen yon pèp fonsè, sal, degoutan, san konparezon avèk bagay ki te janm pase nan pami nou, wi, menm sa ki te pase nan pami Lamanit yo, poutèt yo enkredil ak poutèt yo adore zidòl.

16 Paskè gade, Lespri Senyè a deja sispann ^alite avèk zansèt yo; yo pa gen Kris ak Bondye nan mond lan, e moun chase yo tankou ^bpay nan van.

17 Yon lè, yo te yon bèl pèp e

yo te gen Kris pou ^abèje yo; wi, Papa Bondye limenm te dirije yo.

18 Men kounyeya gade, Satan ap ^adirije yo tankou pay nan van, oubyen tankou yon bato k ap balanse nan lanmè, san vwal, oubyen san lank, oubyen san anyen pou dirije l; se konsa yo ye.

19 Epi gade, Senyè a rezève benediksyon li t ap ba yo nan tè sa a pou ^aJanti yo ki gen pou yo vin posede tè a.

20 Men gade, Janti yo pral chase ak gaye yo; e apre Janti yo fin chase yo, gaye yo, lè sa a, Senyè a pral ^asonje ^balyans li te fè avèk Abraram ak tout kay Izrayèl la.

21 Epi tou, Senyè a pral sonje ^apriyé moun ki jis yo ki te monte al jwenn li pou yo.

22 Epi lè sa a, O, nou menm Janti yo, kòman n ap fè sipòte pouvwa Bondye si nou pa repanti, e si nou pa vire do bay move chemen nou yo?

23 Èske nou pa konnen nou nan men Bondye? Èske nou pa konnen li gen tout pouvwa, e gwo ^akòmandman li kapab fè tè a ^bplwaye tankou yon woulo?

24 Se poutèt sa, repanti, imilye nou devan l pou l pa debake ak lajistis kont nou—sinon yon rès desandan pèp Jakòb la ap vini nan pami nou tankou yon ^alyon,

12c Mòm. 8:4, 13–14;
Mowo. 10:1–2.

14a 2 Ne. 29:13; 30:7–8.
GE Juif yo.

b 2 Ne. 25:16–17.

c 3 Ne. 29:1–3.

15a 3 Ne. 21:3–7, 24–26.

b 1 Ne. 13:20–29, 38;
Mòm. 7:8–9.

c 1 Ne. 10:12–14;
3 Ne. 16:8.

d 2 Ne. 26:33.

16a Jen. 6:3;

Etè 2:15.

b Sòm 1:4.

17a GE Bon Bèje.

18a 2 Ne. 28:21.

19a 3 Ne. 20:27–28.

20a 3 Ne. 16:8–12.

b GE Alyans Abraram.

21a Enòs 1:12–18;

Mòm. 9:36–37.

23a Ela. 12:8–17.

b 3 Ne. 26:3.

24a Miche 5:8;

3 Ne. 20:15–16.

pou l dechire nou fè ti kal, e p ap gen pèsonn pou delivre nou.

CHAPIT 6

Nefit yo rasanble nan peyi Kimora pou batay final la—Mòmmon kache rejis sakre yo nan Kolin Kimora a—Lamanit yo ranpòte viktwa e nasyon Nefit la detwi—plizyè santèn milye moun mouri anba epe. Anviwon 385 APRE JEZIKRI.

Epi kounyeya m ap fini istwa m nan konsènan “destriksyon pèp mwen an, Nefit yo. Epi nou te kouri al devan Lamanit yo.

2 Epi, mwen Mòmmon, m te ekri yon lèt bay wa Lamanit yo, e m te vle pou l te kite nou rasanble pèp nou an ansanm nan “peyi Kimora a, bò kolin ki te rele Kimora a, e pou nou ta goumen avèk yo kote sa a.

3 Epi, se te konsa, wa Lamanit yo te akòde m bagay m te mande l la.

4 Epi, se te konsa, nou te mache al nan peyi Kimora a, e nou te plante tant nou yo nan alantou kolin Kimora a; e sete yon peyi ki te gen anpil dlo, ak rivyè ak fontèn; e se la nou te espere gen avantaj sou Lamanit yo.

5 Epi lè twasankatrevenkat ane te pase, nou te rasanble tout rèz moun nou yo ansanm nan peyi Kimora a.

6 Epi, se te konsa, lè nou te fin rasanble tout pèp nou an ansanm nan peyi Kimora a, lè sa

a, mwen menm Mòmmon, m te kòmnanse vyeyi; epi paske m te konnen se te dènye efò pèp mwen an, e paske Senyè a te kòmmande m pou m pa kite rejis sakre yo ki te sòti nan men zansèt nou yo tonbe nan men Lamanit yo, (paske Lamanit yo ta p detwi yo) se poutèt sa, m te kopye “rejis sa a daprè plak Nefi yo, epi m te ^bkache tout rejis Senyè a te konfye m yo nan kolin Kimora a, eksepté ^ckèk plak sa yo m te bay “Mowoni, pitit gason m nan.

7 Epi, se te konsa, pèp mwen an, avèk madanm yo, ak pitit yo te wè “lame lamanit yo ap mache vin sou yo; e yo ta p ret tann yo avèk yon lakrent lanmò ki ranpli lestomak tout moun ki mechan.

8 Epi, se te konsa, yo te vin goumen avèk nou, e tout moun te anba kraponnen pou jan yo te anpil.

9 Epi, se te konsa, yo te tonbe sou pèp mwen an avèk epe, ak flèch, ak rach epi avèk tout kalite zam pou lagè.

10 Epi, se te konsa, gason m yo te tonbe, wi, dis mil gason m yo ki te avèk mwen yo, e m te tonbe blese nan mitan goumen an; e Lamanit yo te pase bò kote m, men, yo pa t pran lavi m.

11 Epi lè yo te fin travèse epi touye “tout pèp mwen an, eksepté vennkat nan nou, (pitit gason m nan, Mowoni te nan pami

6 1a 1 Ne. 12:19;
Jawòm 1:10;
Alma 45:9–14;
Ela. 13:5–11.

2a Etè 9:3.
6a GE Plak.
b Etè 15:11.
c P—M 1:2.

d Mòm. 8:1.
7a 1 Ne. 12:15.
11a 1 Ne. 12:19–20;
Ela. 15:17.

vennkat la) e paske nou pa t mouri nan pami pèp nou an, nan demen, lè Lamanit yo te retounen nan kan pa yo, sou tèt kolin Kimora a, nou te wè dimil moun mwen yo m te dirije a, ki te mouri.

12 Epi nou te wè tou dimil moun nan pèp mwen an, Mowoni te dirije a tou.

13 Epi tou gade dimil Jidjidona yo te tonbe tou, e li te nan mitan yo.

14 Epi Lama te tonbe avèk dimil li yo; e Gilgal te tonbe avèk dimil li yo; e Lima te mouri avèk dimil li yo; e Jenewòm te tonbe avèk dimil li yo; e Kime-niya te tonbe avèk dimil yo; e Mowoniya, ak Antyonòm, ak Chiblòm, ak Sèm, ak Jòch te tonbe avèk dimil pa yo.

15 Epi, se te konsa, te gen dis lòt ki te tonbe anba epe, yo chak avèk dimil moun pa yo; wi, "tout pèp mwen an nèt te tonbe, eksepte vennkat moun ki t avèk mwen yo, ak kèk lòt ki te sove al nan peyi sid yo, ak kèk lòt ki te sove al jwenn Lamanit yo; e kò yo, ak zo yo, ak san yo te gaye sou sifas tè a, paske moun yo ki te touye yo a, te kite yo pou yo pouri sou tè a, e pou yo dekonpoze, e pou yo retounen jwenn tè a ki se manman yo.

16 Epi nanm mwen te dechire avèk chagren poutèt pèp mwen an ki te mouri a, e m te kriye:

17 O bèl moun yo, kòman nou te fè soti nan chemen Senyè a! O bèl moun yo, kòman nou te

fè rejte Jezi sa a, ki te kanpe avèk bra l ouvè pou l resevwa nou an!

18 Gade, si nou pa t fè sa, nou pa ta p tonbe. Men, gade, nou te tonbe e mwen te tris poutèt pèt sa a.

19 O, bèl pitit gason ak pitit fi yo, nou menm papa ak manman yo, nou menm mari ak madanm yo, nou menm bèl moun yo, kòman nou te fè tonbe!

20 Men, gade, nou t ale e tristès mwen pa kapab fè nou retounen.

21 Epi jou a ap rive pou kò mòtèl nou an vin imòtèl, e kò sa a yo k ap grandi nan dekonpozisyon an dwe vin "enkoriptib; epi lè sa a, nou dwe kanpe devan fotèy jijman Kris la, pou nou sibi jijman dapre zèv nou yo; e si nou jis, lè sa a, n ap beni avèk zansèt nou yo ki te mouri anvan nou yo.

22 O, pito nou te repanti anvan destriksyon sa a te tonbe sou nou. Men, gade, nou t ale, e Papa a wi, Papa Etènèl syèl la konnen sitiasyon nou, e l ap trete nou dapre "lajistis ak ^bmizèrikòd li.

CHAPIT 7

Mòmmon envite Lamanit nan dènye jou yo pou yo kwè nan Kris la, pou yo aksepte levanjil Li a, epi pou yo sove—Tout moun ki kwè nan Bib la ap kwè nan Liv Mòmmon an tou. Anviwon 385 APRE JEZIKRI.

EPI kounyeya, gade, m ap fè yon ti pale avèk "rès pèp sa a ki

15a Alma 9:24.
21a 1 Kor. 15:53–54.

22a GE Jistis.
b GE Mizèrikòd.

7 1a Ela. 15:11–13.

pa t mouri a, si Bondye vle ba yo pawòl mwen yo, pou yo kapab konnen zèv zansèt yo; wi, m ap pale avèk nou, nou menm rès kay Izrayèl la; Epi men pa wòl m ap pale a.

2 Konnen nou fè pati nan ^akay Izrayèl la.

3 Konnen nou dwe vini nan repantans, san sa, nou pa kapab sove.

4 Konnen nou dwe depoze lèzam pou lagè nou yo, pou nou pa janm pran plèzi ankò nan fè san koule, e pou nou pa pran zam yo ankò, eksepte si Bondye kòmande nou.

5 Konnen, nou dwe vin gen ^akonesans konsènan zansèt nou yo, nou dwe repanti pou tout peche ak inikite nou yo, nou dwe ^bkwè nan Jezikri, nou dwe kwè li se Pitit Gason Bondye a, e Juif yo te touye l, e avèk pouvwa Papa a, li te leve ankò, pou l te kapab gen ^cviktwa sou tonm lan; epi tou doulè lanmò a menm anglouti l.

6 Epi li pote ^arezirèksyon pou mò yo, pou lèzòm kapab leve kanpe devan ^bfotèy jijman an.

7 Epi li pote ^aredanmsyon pou mond lan, pou moun ki ^binosan devan l nan jou jijman an kapab gen pèmision pou ^crete nan prezans Bondye, nan wayòm li a, pou chante louwanj

san fen avèk ^dkoral nan syèl la, pou Papa a, ak Pitit Gason an, ak Sentespri a, ki se yon ^esèl Bondye a, nan yon eta ^fbonè ki san fen.

8 Se poutèt sa, repanti, e batize nan non Jezi, epi kenbe ^alevanjil Kris la fèm, k ap vin plase devan nou, non sèlman nan rejis sa a, men, nan ^brejis k ap vin jwenn Janti yo, ^csòti nan men Juif yo, k ap sòti nan men Janti yo vin jwenn ^dnou tou.

9 Paske gade, ^abagay sa a ekri nan entansyon pou nou kapab ^bkwè lòt la; e si nou kwè lòt la, n ap kwè sa a tou; e si nou kwè sa a, n ap gen konesans konsènan zansèt nou yo, ak zèv mèveye pouvwa Bondye te manifeste nan pami yo.

10 Epi tou n ap konnen nou se desandan pèp Jakòb la; se poutèt sa n ap konte nan pami pèp premye alyans la; Epi si nou kwè nan Kris la, e nou batize, premyèman avèk dlo, apre sa, avèk dife epi avèk Sentespri a, nou suiv ^aegzanp Sovè a, dapre jan li te kòmande nou an, l ap bon pou nou nan jou jijman an. Amèn.

CHAPIT 8

Lamanit yo rapousuiv e yo detwi Nefit yo—Liv Mòmòn an pral

2a Alma 10:3.

5a 2 Ne. 3:12.

b GE Kwayans, kwè; Lafwa.

c Eza. 25:8; Mozya 16:7-8.

6a GE Rezirèksyon.

b GE Jezikri—Jij; Jijman, Dènye a.

7a GE Redanmtè,

restablisman, redanmsyon.

b GE Jistifikasyon, jistifye.

c 1 Ne. 10:21;

D&A 76:62;

Moyiz 6:57.

d Mozya 2:28.

e D&A 20:28.

GE Bondye, Divinite.

f GE Jwa.

8a GE Levanjil.

b GE Bib.

c 2 Ne. 29:4-13.

d 1 Ne. 13:38.

9a GE Liv Mòmòn.

b 1 Ne. 13:38-41.

10a 2 Ne. 31:5-9.

parèt avèk pouvwa Bondye—Malediksiyon ap tonbe sou moun ki pale mal e ki fè tripotaj sou pawòl Senyè a—Rejis Nefit yo pral parèt nan jou mechanste, dejeneresans, ak apostazi. Anviwon 400-421 APRE JEZIKRI.

GADE, mwen ^aMowoni, m fini ^brejis papa m nan, Mòmòn. Gade, m gen sèlman kèk bagay pou m ekri, kèk bagay papa m te kòmande m pou m ekri.

2 Epi kounyeya, se te konsa, apre ^agwo batay terib nan Kimora a, gade, ^bLamanit yo te chase Nefit yo ki te chape al nan peyi Sid la jistan yo tout te detwi.

3 Epi yo te touye papa m tou, e m te menm rete pou ^akont mwen pou m ekri istwa tris destriksyon pèp mwen an. Men gade, yo te pati, e m akonpli kòmandman papa m nan. Epi m pa konnen si yo p ap touye m.

4 Konsa, m ap ekri, epi m ap kache rejis yo anba tè a; e nenpòt kote m ale, sa pa fè anyen.

5 Gade, papa m te fè ^arejis sa a e li te ekri rezon an. Epi gade, m ta ekri l tou si m te gen plas sou ^bplak yo, men, m pa genyen; e m pa gen onkenn metal, paske m pou kont mwen. Papa m te mouri nan batay, ak tout fanmi m tou, e m pa gen zanmi ni kote pou m ale; e m pa konnen konbyen tan Senyè a ap kite m viv.

6 Gade, ^akat san ane te pase depi Senyè a, Sovè nou an te vini.

7 Epi gade, Lamanit yo te chase pèp mwen an, Nefit yo, depi nan yon vil jouk nan yon lòt, depi nan yon kote jouk nan yon lòt, jistan yo pa t la ankò; e yo te ^atonbe fò; wi, destriksyon pèp mwen an, Nefit yo, te yon gwo mèvèy.

8 Epi gade, se men Senyè a ki te fè l. Epi gade, Lamanit yo nan ^alagè youn avèk lòt; e tout tè sa a se yon chenn asasina ak masak; e pèsonn pa konnen finisman lagè a.

9 Epi kounyeya, gade m p ap di plis konsènan yo, paske pa gen pèsonn, eksepte Lamanit yo ak ^avòlè yo ki egziste sou sifas tè a.

10 Epi pa gen pèsonn ki konnen vrè Bondye a, eksepte ^adisip Jezi yo, ki te rete nan peyi a jistan mechanste pèp la te tèlman gwo, Senyè a pa t ap kite yo ^brete avèk pèp la; e pèsonn pa konnen si yo sou sifas tè a.

11 Men gade, ^apapa m ak mwen, nou te wè yo, e yo te preche nou.

12 Epi nenpòt moun ki resevwa rejis sa a, e ki pa kondane l poutèt enpèfeksyon ki ladan l, moun sa a ap konnen ^api gwo bagay pase bagay sa yo. Gade, m se Mowoni; e si sa te posib m ta p fè w konnen tout bagay.

8 ^{1a} GE Mowoni, pitit gason Mòmòn.
^b GE Plak.
^{2a} Mòm. 6:2-15.
^b D&A 3:18.
^{3a} Mowo. 9:22.

^{5a} Mòm. 2:17-18.
^b Mòm. 6:6.
^{6a} Alma 45:10.
^{7a} 1 Ne. 12:2-3.
^{8a} 1 Ne. 12:20-23.
^{9a} Mòm. 2:8.

^{10a} 3 Ne. 28:7;
Etè 12:17.
GE Twa disip Nefit yo.
^b Mòm. 1:16.
^{11a} 3 Ne. 28:24-26.
^{12a} 3 Ne. 26:6-11.

13 Gade, m sispann pale kon-sènan pèp sa a. M se pitit gason Mòmmon an, e papa m te yon “de-sandan Nefi.

14 Epi se mwen menm ki te “kache rejis sa a nan Senyè a; plak yo pa gen okenn pri, poutèt kòmmandman Senyè a. Paske, li te reyèlman di pèsonn pa kapab pran yo pou ^benterè pèsònèl; men ekriti ki sou yo a gen anpil valè; e nenpòt moun ki pibliye l Senyè a ap beni l.

15 Paske pèsonn pa kapab gen pouvwa pou pibliye l si Bondye pa ba li l; paske Bondye vle pou sa fèt “sèlman pou laglwa l, oubyen pou byen pèp alyans Senyè a ki te gaye pandan lon-tan an.

16 Epi “yon moun k ap pibliye bagay sa a, l ap beni; paske l ap ^bsoti nan fènwa pou l vin nan limyè, daprè pawòl Bondye; wi, l ap sòti anba tè a, e l ap klere nan fènwa a, e pèp l ap vin konnen l; e se pouvwa Bondye k ap fè sa.

17 Epi si gen “fòt se va fòt yon nonm. Paske gade, nou pa konn afè fot; men, Bondye konn tout bagay; se poutèt sa moun ki ^bkri-tike, pito li pran prekosyon l pou l pa anba danje dife lanfè.

18 Epi yon moun ki di konsa: montre m sinon n ap mouri—se pou l pran prekosyon pou l pa kòmmande yon bagay Senyè a defann.

19 Paske gade, yon moun ki fè move “jijman ap tonbe anba move jijman tou; paske se daprè zèv li yo l ap rekonpanse; se poutèt sa, moun ki frape, Senyè a ap frape l tou.

20 Gade sa, ekriti yo di lòm pa dwe frape, ni jije; paske Senyè a di, jijman se pou mwen, e van-jans se pou mwen tou e m ap bay pinisyon.

21 Epi moun ki pale mal ak medizans kont pawòl Senyè a ak kont pèp alyans Senyè a ki se kay Izrayèl la, e ki di: N ap detwi zèv Senyè a, e Senyè a p ap sonje alyans li te fè avèk kay Izrayèl la—moun sa a ap nan danje pou l rache e jete l nan dife;

22 Paske “bi etènèl Senyè a ap mache jistan pwomès li yo akonpli.

23 Fouye pwofesi “Ezayi yo. Gade m pa kapab ekri yo. Wi, gade m di nou sen sa yo ki te mouri anvan m yo, ki te posede tè sa a, pral ^bleve vwa yo sòti nan pousyè tè a menm, vwa yo pral leve jwenn Senyè a; e menm jan Senyè a vivan an, l ap sonje alyans li te fè avèk yo.

24 Epi, li konnen “priyè yo ki te an favè frè yo. Epi li konnen lafwa yo, paske yo te kapab de-plase ^bmontay nan non l; e yo te kapab fè tè a souke nan non l; e avèk pouvwa pawòl li, yo

13a 3 Ne. 5:20.

14a Mowo. 10:1–2.

b 1—JS 1:46.

15a D&A 4:5.

16a 2 Ne. 3:6–7, 11, 13–14.

b Eza. 29:18;

2 Ne. 27:29.

17a Mòm. 9:31, 33;

Etè 12:23–28.

b 3 Ne. 29:5;

Etè 4:8.

19a TJS Mat. 7:1–2

(Apendis);

3 Ne. 14:1–2;

Mowo. 7:14.

22a D&A 3:3.

23a 3 Ne. 20:11; 23:1.

b Eza. 29:4;

2 Ne. 3:19–20; 26:16.

24a Enòs 1:12–18;

Mòm. 9:36;

D&A 10:46.

b Jakòb 4:6;

Ela. 10:9.

te fè ‘prizon yo tonbe atè a, wi, menm founo dife pa t kapab fè yo anyen, ni bèt sovaj, ak sèpan pwazonnen, poutèt pouvwa pa wòl li.

25 Epi gade, ‘priyè yo te an favè moun Senyè a ta p aksepte pou bibliye bagay sa yo.

26 Epi pèsonn pa bezwen di yo p ap vini, yo pral vini kanmèm, paske Senyè a te di sa; paske yo pral vin ‘soti anba tè a, avèk men Senyè a, e pèsonn pa kapab rete l; e li pral vini nan yon jou lè moun ap di pa gen ^bmirak ankò; e li pral vini tankou se yon moun ‘mouri k ap pale.

27 Epi li pral vini nan yon jou lè ‘san sen yo ap monte jwenn Senyè a, poutèt konbinezon ^bsekrè ak zèv tenèb yo.

28 Wi, li pral vini nan yon jou lè moun ap nye pouvwa Bondye, e ‘legliz yo ap vin kowonpi e gonfle kè yo avèk lògèy; wi, nan yon jou, lè dirijan legliz yo ak profesè yo leve avèk lògèy nan kè yo, jistan y ap anvye moun ki nan legliz yo.

29 Wi, l ap vini nan yon jou lè ‘moun pral tande nouvèl dife, ak tanpèt, ak ^bvapè lafimen nan peyi etranje;

30 Epi tou moun pral tande

konsènan ‘lagè, bri lagè, ak tranbleman tè nan anpil kote.

31 Wi, li pral vini nan yon jou lè ap gen anpil salte sou sifas tè a; ap gen asasina ak vòl, ak manti, ak desepsyon, ak imoralite, ak tout kalite abominasyon; lè ap gen anpil moun k ap di, fè isit oubyen fè lòtbò, epi pa gen ‘pwoblèm, paske Senyè a pral ^baksepte sa nan dènye jou a. Men, malè pou moun konsa, paske yo nan mitan yon ‘fyèl anmè epi yo anba kòd inikite.

32 Wi, li pral vini nan yon jou lè ap gen legliz òganize, k ap di konsa: Vin jwenn mwen, e m ap padone peche ou yo pou lajan.

33 Ou menm, pèp mechan, pèvètè, ak kou rèd, poukisa ou òganize legliz pou tèt pa w pou ‘enterè pèsònèl? Poukisa ou ^btransfòme pawòl sen Bondye a, pou w kapab rale ‘kondanasyon sou nanm ou? Gade, obsève revelasyon Bondye yo; paske reyèlman tan an pral rive pou bagay sa yo akonpli.

34 Gade, Senyè a te montre m gran bagay mèveye konsènan sa ki gen pou fèt pwochènman nan pami nou.

35 Gade, m ap pale w kòm si nou te la kounyeya, men nou pa t la. Men gade, Jezikri te fè m wè nou epi m konnen zèv nou.

24c Alma 14:27–29.

25a Mòm. 5:21.

26a Eza. 29:4;

2 Ne. 33:13.

b Mòm. 9:15–26;
Mowo. 7:27–29,
33–37.

c 2 Ne. 26:15–16;
Mòm. 9:30;
Mowo. 10:27.

27a Etè 8:22–24;

D&A 87:6–7.

b GE Konbinezon
sekrè.

28a 2 Tim. 3:1–7;

1 Ne. 14:9–10;

2 Ne. 28:3–32;

D&A 33:4.

29a Jowèl 2:28–32;

2 Ne. 27:2–3.

b 1 Ne. 19:11;

D&A 45:39–42.

30a Mat. 24:6;

1 Ne. 14:15–17.

31a 2 Ne. 28:21–22.

b 2 Ne. 28:8.

c Alma 41:11.

33a GE Fo prèt.

b 1 Ne. 13:26–29.

c GE Danasyon,
dane.

36 Epi m konnen n ap “mache nan lògèy kè nou; e pa gen pèsonn, eksepte kèk moun sèlman ki pa ^bgonfle avèk lògèy nan kè yo, ki pa abiye pou ^cbèl aparans, ki pa gen anvi, ak vis, ak koken, ak pèsèkisyon ak tout kalite inikite; e legliz nou yo, wi, yo tout, vin sal poutèt lògèy kè nou.

37 Paske gade, nou renmen ^ala-
jan, ak byen nou yo, ak bèl aparans nou yo, ak dekorasyon legliz nou yo plis pase pòv yo ak moun yo ki nan bezwen yo, ak moun ki malad, epi ak moun ki aflije.

38 Nou menm salte yo, nou menm ipokrit yo, nou menm anseyan yo ki vann tèt nou pou bagay k ap pouri, poukisa nou sal legliz sen Bondye a? Poukisa nou “wont pote non Kris la sou tèt nou? Poukisa nou pa panse valè bonè san fen an pi gran pase ^bmizè ki p ap janm mouri a—poutèt ^c‘louwanj mond lan?

39 Poukisa nou livre tèt nou nan bagay ki pa gen lavi, epi nou kite moun grangou ak moun ki nan bezwen, ak moun toutouni, ak moun malad, ak moun ki aflije yo pase bò kote nou san nou pa wè yo?

40 Wi, poukisa nou òganize “abominasyon ansektrè pou enterè pèsònèl, epi nou fè vèv yo jemi devan Senyè a, epi òfelen yo jemi devan Senyè a, ak san papa yo, ak san mari yo kriye

soti nan tè a, rive jwenn Senyè a pou vanjans tonbe sou tèt nou?

41 Gade, epe vanjans la pandye sou tèt nou; e tan an pral vini talèkonsa pou l “vanje san sen yo sou tèt nou, paske li p ap kite yo kriye pou pi lontan.

CHAPIT 9

*Mowoni rele moun ki pa kwè nan Kris yo pou yo repanti—Li pwo-
klame yon Bondye mirak, ki bay revelasyon e repann don ak siy moun ki kwè yo—mirak yo sis-
pann poutèt enkredilite moun ki kwè yo ap resevwa siy—egzòta-
syon pou lèzòm gen lasajès e res-
pekte kòmandman yo. Anviwon
401–421 APRE JEZIKRI.*

Epi kounyeya, M ap pale tou konsènan moun ki pa kwè nan Kris yo.

2 Gade, èske n ap tann jistan jwenn Senyè a rive pou nou kwè—gade, lè Senyè a vini, wi, nan “gwo jou sa a menm, lè ^btè a vlope ansanm tankou yon woulo, e materyo yo ^cfonn anba gwo chalè; wi, nan gwo jou sa a lè nou prezante pou nou kanpe devan Ti Mouton Bondye a—lè sa a, èske n ap di pa gen Bondye?

3 Lè sa a, èske n ap kontinye nye Kris la, oubyen èske n ap kapab gade Ti Mouton Bondye a? Èske nou sipoze nou kapab rete avèk li, pandan nou koupab

36a GE Mache, mache avèk Bondye.

b Jakòb 2:13.

c Alma 5:53.

37a 2 Ne. 28:9–16.

38a Wom. 1:16;

2 Tim. 1:8;

1 Ne. 8:25–28;

Alma 46:21.

b Mozya 3:25.

c 1 Ne. 13:9.

40a GE Konbinezon sektrè.

41a 1 Ne. 22:14.

9 2a Mal. 4:5;

3 Ne. 28:31.

b Mòm. 5:23;

D&A 63:20–21.

GE Mond—Finisman mond lan.

c Amòs 9:13; 3 Ne. 26:3.

nan konsyans nou? Èske nou si-poze nou ta kapab kontan pou nou rete avèk Èt sen sa a, pandan nanm nou ap dechire anba yon konsyans plen remò poutèt nou te abize lalwa li yo?

4 Gade, m di nou, nou ta p pi mizerab si nou ta rete avèk yon Bondye ki Sen epi ki jis avèk konsyans konsènan salte nou devan l, tan pou nou ta rete avèk nanm "kondane yo nan ^blanfè.

5 Paske, gade, lè nou vin wè nou "toutouni devan Bondye, ak laglwa Bondye, ak Sentete Jezikri, sa ap limen yon flanm dife sou nou ki p ap janm etenn.

6 O nou menm "enkredil ke nou ye, ^bretounen jwenn Senyè a; kriye fò nan pye Papa a nan non Jezi, pou, petèt nou kapab vin san tach, "pi, klè, e blan; pou san "Ti Mouton an lave nou nan gwo dènye jou a.

7 Epi, yon fwa ankò, m ap pale avèk nou menm ki "nye revelasyon Bondye yo, e ki di yo pase, pa gen revelasyon, ni pwofesi, ni don, ni gerizon, ni don lang, ni ^bentèpretasyon lang;

8 Gade, m ap di nou, moun ki nye bagay sa yo, pa konnen "levanjil Kris la; wi, li pa t li ekriti yo; si l te li yo, li pa ^bkonprann yo.

9 Paske, èske nou pa li Bondye

se "menm a yè, jodi a, epi pou tout tan, epi pa gen varyasyon nan li, ni okenn aparans chanjman.

10 Epi kounyeya, e si nan tèt pa nou, n ap imajine yon bondye ki varye, e ki gen menm aparans chanjman nan li, konsa, nan tèt pa nou, nou imajine yon bondye ki pa yon Bondye ki kapab fè mirak.

11 Men gade, m ap montre nou yon Bondye ki kapab fè mirak, Bondye Abraram, ak Bondye Jakòb ak Bondye Izarak la menm; e se menm "Bondye sa a ki te kreye syèl la ak tè a ak tout bagay ki ladan yo.

12 Gade, li te kreye Adan, e avèk "Adan lòm te vin ^btonbe. Epi poutèt lòm te tonbe Jezikri te vini, Papa a menm ak Pitit Gason an; e poutèt Jezikri, lòm te gen "redanmsyon.

13 Epi poutèt redanmsyon lè-zòm, ki te vini nan Jezikri, y ap retounen nan prezans Senyè a; wi, se nan fason sa a tout moun rachte, paske lanmò Kris la reyalize "rezirèksyon an, ki reyalize yon redanmsyon anba yon ^bsomèy san fen; anba somèy sa a, pouvwa Bondye pral reveye tout moun lè twonpèt la sonnen; e yo pral leve, ni granmoun, ak timoun, e yo pral kanpe devan tribinal li a apre yo fin rachte,

4a GE Danasyon, dane.

b GE Lanfè.

5a 2 Ne. 9:14.

6a GE Enkredilite.

b Ezek. 18:23, 32;

D&A 98:47.

c GE Pi, pite.

d GE Ti mouton Bondye.

7a 3 Ne. 29:6-7.

b 1 Kor. 12:7-10;

AL 1:7.

8a GE Levanjil.

b Mat. 22:29.

9a Ebre 13:8;

1 Ne. 10:18-19;

Alma 7:20;

Mowo. 8:18;

D&A 20:12.

11a Jen. 1:1;

Mozya 4:2;

D&A 76:20-24.

GE Jezikri.

12a Mozya 3:26.

b GE Chit Adan ak Èv.

c GE Redanmtè,

restablisman,

redanmsyon.

13a Ela. 14:15-18.

b D&A 43:18.

e apre yo fin demare anba ‘kòd lanmò etènèl sa a, ki se lanmò tanporèl la.

14 Epi apre sa, “jijman Nonm Sen an pral tonbe sou yo; e apre sa, lè a pral rive pou yon moun ki sal, rete ^bsal; epi yon moun ki jis, pral rete jis; yon moun ki kontan, pral rete toujou kontan e yon moun ki pa kontan pral rete toujou pa kontan.

15 Epi kounyeya, tout moun ki te imajine nan tèt nou, yon bondye ki “pa kapab fè mirak, m ap mande nou, èske tout bagay m te pale yo te pase? Èske fen an rive deja? Gade, m di nou, non; e Bondye se toujou yon Bondye ki konn fè mirak.

16 Gade, èske bagay Bondye te fè yo pa mèveye devan je nou? Wi, e kiyès ki kapab konprann “zèv mèvèy Bondye yo?

17 Kiyès ki kapab di se pa t yon mirak pou “pawòl li te kapab fè syèl la ak tè a egziste; e avèk pouvwa pawòl li, lèzòm te ^bkreye avèk ‘pousyè tè a; e avèk pouvwa pawòl li èske mirak pa t fèt?

18 Epi, kiyès ki kapab di Jezikri pa t fè anpil gwo “mirak? e anpil mirak te fèt anba men apot yo.

19 Epi si “mirak te konn fèt lè sa a, poukisa Bondye sispann pou l yon Bondye ki fè mirak,

e an menm tan, pou l se yon Èt ki pa chanje? Epi gade, m ap di nou konsa, li pa chanje; si l te chanje, li pa ta p Bondye ankò; men li toujou Bondye, e li se yon Bondye ki kapab fè mirak.

20 Epi rezon ki fè l sispann fè “mirak nan pami lèzòm se paske yo dejenere nan enkredilite, yo kite bon wout la, e yo pa konnen Bondye yo ta dwe fè ^bkonfyans la.

21 Gade, m ap di nou, nenpòt moun ki kwè nan Kris la, ki pa doute anyen, “nenpòt sa li mande Papa a nan non Kris la, l ap resevwa l; e pwomès sa a se pou tout moun, menm jouk nan limit tè a.

22 Paske gade, Jezikri, Pitit Gason Bondye a te di disip li yo ki te gen pou yo pa t mouri yo, wi e tout disip li yo, pandan miltitud la ta p tandè: “Ale nan tout mond lan, epi preche tout kreyati a levanjil la;

23 Epi yon moun ki kwè epi ki batize, l ap sove, men yon moun ki pa kwè, l ap “kondane;

24 Epi “siy sa yo ap suiv moun ki kwè—y ap chase ^bdyab yo nan non m; y ap pale langaj nouvo; y ap kapab kenbe sèpan; e si yo bwè nenpòt pwazon anyen p ap rive yo; y ap poze ‘men yo sou moun ki malad e moun ki malad yo ap geri.

13c D&A 138:16.

14a GE Jijman, Dènèy a.

b Alma 7:21;

D&A 88:35.

15a Mowo. 7:35–37;

D&A 35:8.

GE Mirak.

16a Sòm 40:5;

D&A 76:114;

Moyiz 1:3–5.

17a Jakòb 4:9.

b GE Kreyasyon, kreye.

c Jen. 2:7;

Mozya 2:25.

18a Jan 6:14.

19a D&A 63:7–10.

20a Jij 6:11–13;

Etè 12:12–18;

Mowo. 7:35–37.

b GE Konfyans, konfyè.

21a Mat. 21:22;

3 Ne. 18:20.

22a Mak 16:15–16.

GE Travay misyonè.

23a GE Danasyon, dane.

24a Mak 16:17–18.

GE Siy.

b Tra. 16:16–18.

c GE Administrasyon pou malad.

25 Epi nenpòt moun ki kwè nan non m, ki pa doute anyen, m ap “konfime tout pawòl mwen yo pou li, jouk nan dènye bout tè a.

26 Epi kounyeya, gade, kiyès ki kapab kontrekare zèv Senyè a yo? “Kiyès ki kapab nye pawòl li yo? Kiyès ki kapab leve kont pouvwa toupuisan Senyè a? Kiyès ki kapab meprize zèv Senyè a yo? Kiyès ki kapab meprize pitit Kris yo? Gade, nou menm ki ^bmeprize zèv Senyè a yo, paske n ap pèdi, e n ap peri.

27 O se poutèt sa, pa meprize, e pa pèdi, okontrè, koute pawòl Senyè a yo, e mande Papa a nenpòt sa nou bezwen nan non Jezi. Pa doute, men kwè, e kòmanse menm jan avèk nan tan lontan, e “vin jwenn Senyè a avèk tout ^bkè nou, e ^ctravay pou nou sove tèt pa nou avèk krentif, e tranble devan l.

28 Gen “lasajès pandan jou eprèv nou yo; netwaye tèt nou anba tout salte; pa mande bagay pou nou gaspiye pandan nou gen ^banvi; men, mande avèk yon fèmte san brannen, pou nou kapab pa tonbe nan tantasyon; men, pou nou sèvi vrè Bondye a ki “vivan an.

29 Atansyon pa batize si n “pa diy; pa pran sentsèn Kris la si n ^bpa diy; men fè tout bagay avèk

“diyite, e fè l nan non Jezikri, Pitit Gason Bondye vivan an; e si nou fè sa, e si nou reziste jiska lafen yo p ap rejte nou.

30 Gade, m ap “pale nou kòm si m nan pami mò yo; paske m konnen w pral resevwa pawòl mwen yo.

31 Pa kondane m poutèt “enpèfeksyon m, ni papa m tou, poutèt enpèfeksyon l, ni moun ki te ekri anvan m yo tou; men okontrè bay Bondye remèsiman poutèt li te fè nou konnen enpèfeksyon nou pou nou kapab aprann vin pi saj pase jan nou te ye.

32 Epi kounyeya, gade, nou te ekri rejis sa a daprè konesans nou, nan karaktè yo rele nan pami nou Ejipsyen “refòme, nou te eritye l e nou te chanje l daprè fason nou pale.

33 Epi si plak nou yo te ase laj, nou ta p ekri an Ebre; men, nou te chanje Ebre a tou; e si nou te kapab ekri Ebre a, gade, pa ta p gen enpèfeksyon nan rejis nou an.

34 Men Senyè a konnen bagay nou te ekri yo, epi tou pèsonn lòt pèp pa konnen lang nou an; e poutèt pèsonn lòt pèp pa konnen lang nou an, se poutèt sa l ap pare “mwayen pou entèprestasyon lang nan.

35 Epi, bagay sa yo ekri pou

25a GE Revelasyon; Temwayaj.

26a 3 Ne. 29:4–7.

b Pwov. 13:13.

27a Mowo. 10:30–32.

b Joz. 22:5;

D&A 64:22, 34.

GE Kè.

c Filip. 2:12.

28a Jakòb 6:12.

b GE Konvwate, konvwatiz.

c Alma 5:13.

29a GE Batèm, batize—

Kalifikasyon

pou batèm.

b 1 Kor. 11:27–30;

3 Ne. 18:28–32.

c GE Diy, diyite.

30a Mòm. 8:26;

Mowo. 10:27.

31a Mòm. 8:17;

Ètè 12:22–28, 35.

32a 1 Ne. 1:2;

Mozya 1:4.

34a Mozya 8:13–18;

Ètè 3:23, 28;

D&A 17:1.

nou kapab lave wòb nou anba san frè nou yo, ki te dejenere nan ^aenkredilite.

36 Epi gade, se bagay sa yo nou ^avle pou frè nou yo, wi, pou konesans yo restore konsènan Kris la, e se va daprè priyè tout sen yo ki te rete nan peyi a.

37 Epi se pou Senyè a, Jezi-kri akòde pou priyè yo jwenn repons daprè lafwa yo; e se pou Papa Bondye sonje alyans li te fè avèk kay Izrayèl la; e se pou l beni yo pou tout tan, poutèt lafwa nan non Jezikri. Amèn.

LIV ETÈ A

Istwa Jaredit yo ki soti nan vennkat plak pèp Limi a te jwenn yo nan epòk Wa Mozya a.

CHAPIT 1

Mowoni rezime ekriti Etè yo—Jeneyaloji Etè tabli—Lang Jaredit yo pa t konfonn nan Toudebabèl—Senyè a pwomèt pou l dirije yo nan yon tè chwazi, epi pou l fè yo tounen yon gwo nasyon.

KOUNYEYA, mwen menm ^aMowoni, m kòmanse rakonte istwa ansyen abitan sa yo, abitan sa yo ke ^bmen Senyè a te detwi sou sifas peyi nò a.

2 M pran istwa m nan, sou ^avennkak plak ki rele liv Etè pèp Limi a te jwenn nan.

3 Epi, kòm mwen sipoze premye pati rejis sa a, ki pale konsènan kreyasyon mond lan, ak Adan, ak yon rejis depi epòk sa a, epòk gwo ^atoudebabèl la menm, ak tout bagay ki te pase nan pami pitit lèzòm

depi lè sa a, te nan pami juif yo—

4 Se poutèt sa, m pa ekri bagay ki te pase depi nan ^aepòk Adan an jouk nan epòk sa a; men, yo sou plak yo; epi nenpòt moun ki jwenn yo, moun sa a ap gen pouvwa pou l jwenn tout istwa a.

5 Men, m pa rakonte tout istwa a, m sèlman rakonte yon pati depi nan Toudebabèl la jouk nan epòk yo te detwi a.

6 Epi, se konsa m rakonte l. Moun ki te ekri istwa sa a se te ^aEtè, epi li te desandan Koryantò.

7 Koryantò te pitit gason Mowon.

8 Mowon te pitit gason Etèm.

9 Etèm te pitit gason Aha.

10 Aha te pitit gason Sèt.

11 Sèt te pitit gason Chiblon.

35a 2 Ne. 26:15.

36a Mòm. 8:24–26;
D&A 10:46–49.

[ETÈ]

1 1a GE Mowoni, pitit

gason Mòmou.

b Mòm. 5:23;
D&A 87:6–7.

2a Alma 37:21;

Etè 15:33.

3a Omni 1:22;

Mozya 28:17;

Ela. 6:28.

4a svp ki kouvri
menm peryòd
ak Jenèz 1–10.

6a Etè 12:2; 15:34.

12 Chiblon te pitit gason Kòm.
 13 Kòm te pitit gason Koryantoum.
 14 Koryantoum te pitit gason Amnigada.
 15 Amnigada te pitit gason Aawon.
 16 Aawon te desandan Èt, ki te pitit gason Eyatòm.
 17 Eyatòm te pitit gason Lib.
 18 Lib te pitit gason Kich.
 19 Kich te pitit gason Kowòm.
 20 Kowòm te pitit gason Levi.
 21 Levi te pitit gason Kim.
 22 Kim te pitit gason Moryanton.
 23 Moryanton te desandan Riplakich.
 24 Riplakich te pitit gason Chèz.
 25 Chèz te pitit gason Èt.
 26 Èt te pitit gason Kòm.
 27 Kòm te pitit gason Koryantoum.
 28 Koryantoum te pitit gason Emè.
 29 Emè te pitit gason Omè.
 30 Omè te pitit gason Choul.
 31 Choul te pitit gason Kib.
 32 Kib te pitit gason Oriya, ki te pitit gason Jarèd.
 33 Menm "Jarèd sa a ki te vini avèk frè li a, ak fanmi l yo soti nan gran Toudebabèl la, lè Senyè a te ^bkonfonn langaj pèp la, epi li te fè sèman nan kòlè l pou l gaye yo sou tout "sifas tè a; epi dapre pawòl Senyè a, pèp la te gaye.
 34 "Frè Jarèd la te yon gwo nonm fò, se te yon nonm Senyè a te fè anpil favè; frè l la, Jarèd, te di l: Kriye nan pye Senyè a pou l

pa konfonn nou, pou nou kapab pa konprann pawòl nou yo.

35 Epi, se te konsa, frè Jarèd la te kriye nan pye Senyè a, epi Senyè a te gen konpasyon pou Jarèd; se poutèt sa li pa t konfonn lang Jarèd la, epi Jarèd ak frè l la pa t konfonn.

36 Epi, Jarèd te di frè l la: Kriye nan pye Senyè a ankò, epi petèt, la wete kòlè l sou zanmi nou yo pou lang yo pa konfonn.

37 Epi, se te konsa, frè Jarèd la te kriye nan pye Senyè a, epi Senyè a te gen konpasyon pou yo, yo pa t konfonn.

38 Epi, se te konsa, Jarèd te pale avèk frè l la ankò, li te di: Al mande Senyè a si l ap pouse nou soti nan peyi a; si l ap pouse nou deyò nan peyi a, kriye nan pye l pou w konnen ki kote nou dwe ale. Sa k konnen, petèt Senyè a ap mennen nou nan yon tè ki pi "chwazi pase tout lòt tè? Epi, si sa ap fèt, an nou mete lafwa nan Senyè a pou nou kapab resevwa l pou eritaj nou.

39 Epi, se te konsa, frè Jarèd la te kriye nan pye Senyè a dapre jan sa te soti nan bouch Jarèd la.

40 Epi, se te konsa, Senyè a te koute frè Jarèd la, li te gen konpasyon pou li, epi li te di l:

41 Al rasanble bèt ou yo, tout kalite, mal kou femèl, tout kalite semans sou tè a, ak "fanmi w, ak frè w la, Jarèd, ak fanmi l; ^bzanmi w yo ak fanmi yo, epi zanmi Jarèd yo ak fanmi yo.

33a GE Jarèd.

b Jen. 11:6-9.

c Mozya 28:17.

34a GE Jarèd, frè.

38a GE Tè pwomiz.

41a Etè 6:20.

b Etè 6:16.

42 Lè w fin fè sa, “mache devan yo pou w desann nan vale ki nan nò a. Se la m pral rankontre w, epi m pral mache ^bdevan w nan yon peyi ki ‘pi bon pase tout peyi sou tè a.

43 Se la m ap beni w ak desandan w yo, epi m ap leve yon gwo nasyon avèk desandan w yo, desandan frè w yo ak moun ki vini avèk ou yo. Epi, pa gen okenn nasyon sou tout sifas tè a k ap pi gwo pase nasyon m pral fè desandan w yo tounen devan m nan. Se sa m ap fè pou ou poutèt ou te kriye nan pye m tèlman lontan.

CHAPIT 2

Jaredit yo pare vwayaj yo pou ale nan tè pwomiz la—Se yon tè chwazi kote pou lèzòm sèvi Kris la oubyen pou yo detwi—Senyè a pale avèk frè Jarèd la pandan twazè—Jaredit yo konstwi bato—Senyè a mande frè Jarèd la pou l pwopoze kòman pou bato yo gen limyè.

EPI, se te konsa, Jarèd ak frè l la, ak fanmi yo, epi tou zanmi Jarèd yo, ak zanmi frè Jarèd yo ak fanmi yo te desann nan vale ki te nan nò a (vale a te rele “Nimròd daprè non gwo chasè a) avèk bèt yo te rasanble ansanm, tout kalite, mal kou femèl.

2 Yo te pare pèlen, yo te pran zwazo ki t ap vole; yo te pare yon bwat pou yo pote pwason yo te pran nan dlo.

3 Yo te pote dezerèt avèk yo, ki vle di myèl; konsa, yo te pote gouf myèl ak tout kalite bagay ki te nan peyi a.

4 Epi, se te konsa, lè yo te desann nan vale Nimròd la, Senyè a te desann epi li te pale avèk frè Jarèd la; li te nan yon “nyaj, epi frè Jarèd la pa t wè l.

5 Epi, se te konsa, Senyè a te kòmande yo pou yo t ale nan dezè a, wi, nan zòn ki pa t janm gen moun ki t ap viv ladan l. Epi, se te konsa, Senyè a t ale devan yo, li te pale avèk yo pandan l te kanpe nan yon “nyaj, epi l te di yo nan ki direksyon pou yo te vwayaje.

6 Epi, se te konsa, yo te vwayaje nan dezè a, yo te konstwi bato pou yo te kapab travèse tout dlo yo; Senyè a te dirije yo tout tan.

7 Senyè a pa t vle yo rete nan dezè ki te bò lanmè a, men, li te vle y ale nan “tè pwomiz la menm, ki te pi bon pase tout lòt peyi; Senyè Bondye a te sere l pou yon pèp ki te jis.

8 Nan kòlè li, li te sèman bay frè Jarèd la, nenpòt moun ki te posede tè pwomiz sa a, depi kounyeya, pou tout tan, yo dwe “sèvi l, limenm ki se Bondye toutbon an, oubyen, l ap ^bbale yo lè tout kòlè l ta tonbe sou yo.

9 Epi kounyeya, nou kapab wè kondisyon Bondye te pase pou tè sa a, se yon tè pwomiz; nenpòt nasyon ki ta posede l ta

42a 1 Ne. 2:1-2;
Abr. 2:3.

b D&A 84:88.

c 1 Ne. 13:30.

2 1a Jen. 10:8.

4a Nonb 11:25;
D&A 34:7-9;

1—JS 1:68.

5a Egz. 13:21-22.

7a 1 Ne. 4:14.

GE Tè pwomiz.
8a Etè 13:2.

b Jawòm 1:3, 10;

Alma 37:28;

Etè 9:20.

dwe sèvi Bondye, oubyen li t ap bale yo lè tout kòlè l ta tonbe sou yo. Epi, tout kòlè l ta tonbe sou yo lè yo ta vin mi nan inikite.

10 Paske se yon tè ki pi bon pase tout lòt tè; se poutèt sa, moun ki posede l dwe sèvi Bondye oubyen l ap detwi; paske kondisyon Bondye a p ap chanje. Epi se pa jistan inikite vin "total nan pami pitit tè sa a ke yo ^bdetwi.

11 Epi, bagay sa a ap vin jwenn nou, O, nou menm "Janti yo, pou nou kapab konnen kondisyon Bondye a—pou nou kapab repanti, pou nou pa kontinye nan inikite nou yo jistan nou vin pouri pou nou pa rale totalite kòlè Bondye a desann sou nou menm jan moun yo ki te rete nan peyi a te fè anvan.

12 Se yon tè chwazi, epi nenpòt nasyon ki posede l, yo "p ap nan esklavaj ni kaptivite anba men okenn lòt nasyon anba syèl la, si yo ^bsèvi Bondye tè a, ki se Jezikri, ki te fè nou konnen l nan bagay nou te ekri yo.

13 Kounyeya, m kòmanse istwa m nan; reyèlman, se te konsa, Senyè a te mennen Jarèd ak frè l yo menm bò gwo lanmè ki te separe tè yo. Lè yo te rive bò lanmè a, yo te plante tant yo, epi yo te rele kote a Moryankimè; yo te rete nan tant yo, epi yo te rete nan tant bò lanmè a pandan katran.

14 Epi, se te konsa, lè katran yo te fini, Senyè a te vini kote frè Jarèd la ankò, li te kanpe nan yon nyaj, epi li te pale avèk li. Senyè a te pale avèk frè Jarèd la pandan twazè, epi li te "chatye l poutèt li pa t sonje ^brele non Senyè a.

15 Frè Jarèd la te repanti nan mal li te fè a, epi li te priye Senyè a pou frè l yo ki te avèk li. Epi Senyè a te di l: M ap padone peche nou yo ak peche frè nou yo; men, pa peche ankò, paske, nou dwe sonje "Lespri a p ap ^blite avèk lèzòm tout tan; se poutèt sa, si nou peche jistan nou vin pouri, m ap retranche nou nan prezans Senyè a. Se sa m vle pou tè sa a m ap ba nou pou eritaj nou an; paske, se yon tè k ap "pi bon pase tout lòt tè.

16 Epi, Senyè a te di: Al travay, epi konstwi bato a menm jan avèk sa w te konstwi a. Epi, se te konsa, frè Jarèd la t al travay, frè l yo tou, epi yo te konstwi bato a menm jan avèk sa yo te konstwi a, dapre "enstriksyon Senyè a. Yo te piti, yo te lejè sou dlo a, menm jan avèk yon zwazo lejè sou dlo.

17 Yo te konstwi yon jan pou yo te kapab tèlman san "fant, yo te menm kapab kenbe dlo tankou yon kivèt; anba yo te san fant tankou yon kivèt, sou kote yo te san fant tankou yon kivèt, pwent yo te pwenti, tè yo te san fant tankou yon kivèt, longè yo te tankou longè yon pyebwa, epi

10a 2 Ne. 28:16.
b 1 Ne. 17:37-38.
11a 2 Ne. 28:32.
12a GE Libète.
b Eza. 60:12.

14a GE Chatye, chatiman.
b GE Priyè.
15a Etè 15:19.
b Jen. 6:3;
2 Ne. 26:11;

Mòm. 5:16.
c Etè 9:20.
16a 1 Ne. 17:50-51.
17a Etè 6:7.

lè pòt yo te fèmen, yo te san fant tankou yon kivèt.

18 Epi, se te konsa, frè Jarèd la te kriye nan pye Senyè a, li te di: O, Senyè, m fè travay ou te kòmande m nan, epi m te fè bato yo jan w te montre m nan.

19 Epi, O, Senyè, pa gen limyè ladan yo; ki kote pou nou fè? Epi, n ap peri, paske nou pa kapab respire andedan yo, si pa gen lò andedan yo, se poutèt sa, n ap peri.

20 Epi, Senyè a te di frè Jarèd la: Fè yon twou nan tèt la ak anba a; lè pa gen lò, louvri twou a, epi w ap jwenn lò. Epi si dlo antre sou ou, fèmen twou a pou w kapab pa peri nan dlo a.

21 Epi, se te konsa, frè Jarèd la te fè sa, jan Senyè a te kòmande l la.

22 Li te kriye nan pye Senyè a ankò, li te di: O, Senyè, m te fè jan w te kòmande m nan; m te pare bato yo pou pèp mwen an, epi pa gen limyè ladan yo. O, Senyè èske w ap kite nou travèse gwo dlo sa a nan fènwa?

23 Epi, Senyè a te di frè Jarèd la: Ki sa w vle m fè pou w kapab gen limyè nan bato w yo? Paske, ou pa kapab mete vit; yo t ap kraze fè ti myèt mòso; ni tou, ou pa kapab pote dife avèk ou paske w pa dwe ale avèk limyè dife.

24 W ap tankou yon balèn nan mitan lanmè a; paske gwo lanm yo ap plonje w desann. Men, m ap fè w monte ankò, pou sòti anba pwofondè lanmè a; paske

“van yo soti nan bouch mwen, epi tou, m voye ^blapli ak delij.

25 M pare w kont bagay sa yo; paske w pa kapab travèse gwo pwofondè sa a, san m pa pare w kont lam lanmè a, ak van ki t ap vante, ak delij k ap vini. Se poutèt sa, ki sa w ta vle m pare pou ou, pou w kapab gen limyè lò dlo a anglouti w anba lanmè a?

CHAPIT 3

Frè Jarèd la wè dwèt Senyè a, lè Senyè a touche sèz wòch yo—Kris la montre frè Jarèd la kò les-pri Li—Moun ki gen yon konesans pafè, yo pa kapab rete dèyè vwal la—Senyè a bay entèprèt pou fè moun konnen istwa Jaredit yo.

EPI, se te konsa, frè Jarèd la, (kantite bato ki te pare yo te ywit) t ale sou montay ki te rele montay Chelèm nan, poutèt li te wo anpil, epi li te fonn sèz ti wòch nan yon gwo wòch; yo te blanch epi yo te klè, menm transparan tankou vit; li te pote yo nan men l sou tèt montay la, epi li te kriye nan pye Senyè a, li te di:

2 O, Senyè, ou te di konsa dlo pral viwonnen nou. Kounyeya, O, Senyè, pa fache kont sèvitè w poutèt feblès li devan w; paske, nou konnen ou sen, epi w rete nan syèl la, epi nou pa diy devan w poutèt Adan te “tonbe a, ^bnati nou vin move nèt ale; men, Senyè, ou te ban nou kòmandman pou nou priye w, pou nou kapab resevwa nan men w sa nou vle.

24a Etè 6:5.
b Sòm 148:8.

3 2a GE Chit Adan ak Èv.
b Mozya 3:19.

3 O, Senyè ou te chatye nou poutèt inikite nou, ou te chase nou, epi nou te nan dezè a pandan tout ane sa yo; men, ou te gen ^amizèrikòd pou nou. O, Senyè, gade m avèk pitye, epi wete kòlè w sou pèp w a, epi pa kite yo travèse pwofondè debòde sa a nan fènwa; men, gade bagay sa yo m te fonn nan gwo wòch la.

4 Epi, m konnen, O, Senyè, ou gen tout ^apouvwa, epi w kapab fè nenpòt sa w vle pou benefis lèzòm; se poutèt sa, touche wòch sa yo, O, Senyè, avèk dwèt ou, epi pare yo pou yo kapab klere nan fènwa; epi y ap klere nou nan bato nou te pare yo, pou nou kapab gen limyè lè n ap travèse lanmè a.

5 O, Senyè, ou kapab fè sa. Nou konnen ou kapab montre gwo pouvwa ki ^aparèt piti pou konpreyansyon lèzòm.

6 Epi, se te konsa, lè frè Jarèd la te fin di bagay sa yo, gade, ^aSenyè a te lonje men l, epi li te touche wòch yo youn apre lòt avèk dwèt li. Epi ^bvwal la te soti nan je frè Jarèd la, epi li te wè dwèt Senyè a epi li te tankou dwèt yon nonm, menm jan avèk chè ak san; epi frè Jarèd la te tonbe devan Senyè a, paske lakrent te pote l ale.

7 Senyè a te wè frè Jarèd la tonbe atè a, epi Senyè a te di l: Leve, poukisa w tonbe?

8 Epi li te di Senyè a: M te wè dwèt Senyè a, epi m te pè pou l pa t frape m, paske m pa t konnen Senyè a te gen chè ak san.

9 Epi, Senyè a te di l: Poutèt lafwa w, ou wè m pral pote ^achè ak san sou mwèn; pa janm gen moun ki vini devan m avèk yon gwo lafwa konsa, menm jan avèk ou; si se pa t sa, ou pa t ap kapab wè dwèt mwèn. Èske w wè plis pase sa?

10 Epi li te reponn: Non; Senyè a, fè m wè w.

11 Epi Senyè a te di l: Èske w ap kwè nan pawòl m pral di w yo?

12 Epi li te reponn: Wi, Senyè a, m konnen w ap pale verite, paske w se Bondye verite a, epi w ^apa kapab bay manti.

13 Lè l te fin di pawòl sa yo, reyèlman, Senyè a te fè l ^awè l, epi li te di: ^bPoutèt ou konnen bagay sa yo, ou rachte anba chit Adan an; se poutèt sa, ou retounen nan prezans mwèn; poutèt sa, m fè w ^cwè m.

14 Se mwèn menm ki te pare depi nan fondasyon mond lan pou m ^arachte pèp mwèn an. M se Jezikri. M se ^bPapa a, epi m se Pitit Gason an. Tout mond lan ap gen ^clavi nan mwèn pou tout tan, menm tout moun ki kwè nan non m; epi y ap vin tounen ^dpitit gason m ak pitit fi m.

15 M pa janm fè lèzòm m te

3a Etè 1:34-43.

4a GE Pouvw a.

5a Eza. 55:8-9;

1 Ne. 16:29.

6a GE Jezikri.

b Etè 12:19, 21.

9a GE Jezikri;

Lachè;

Mòtalite, mòtèl.

12a Ebre 6:18.

13a D&A 67:10-11.

b Enòs 1:6-8.

c GE Jezikri—

Egzistans Premòtèl

Kris la.

14a GE Redanmte;

Redanmte,

restablisman,

redanmsyon.

b Mozya 15:1-4.

c Mozya 16:9.

d GE Pitit gason ak pitit fi Bondye.

kreye yo wè m, paske lèzòm pa janm ^akwè nan mwen tankou w. Èske w wè w te kreye nan ^bimaj mwen? Wi, menm tout moun te kreye nan imaj mwen nan kòmansman an.

16 Kò sa a ou wè a, se kò ^alespri m; m te kreye lèzòm daprè kò lespri m, epi menm jan m parèt devan w nan lespri a, se konsa m ap parèt devan pèp mwen an nan lachè.

17 Kounyeya, jan mwen menm Mowoni, m te di a, m pa t kapab rakonte tout bagay ki te ekri yo, se poutèt sa, li ase pou m di konsa, Jezi te fè nonm sa a wè l nan lespri, nan menm manyè epi nan menm resanblans avèk kò li te fè Nefit yo ^awè l la.

18 Li te sèvi l menm jan li te sèvi Nefit yo; epi tout bagay sa a, se pou nonm sa a te kapab konnen li se Bondye, poutèt pakèt gwo travay sa yo Senyè a te montre l la.

19 Epi, poutèt konesans nonm sa a, li pa t kapab rete san li pa t wè dèyè ^avwal la; epi li te wè dwèt Jezi. Lè l te wè l, li te tonbe anba lakrent, paske li te konnen se te dwèt Senyè a; epi li pa t gen lafwa ankò, paske li te konnen, san okenn dout.

20 Poutèt li te gen konesans klè sa a konsènan Bondye, li ^apa t kapab rete dèyè vwal la; se poutèt sa, li te wè Jezi; epi Jezi te sèvi l.

21 Epi, se te konsa, Senyè a te di frè Jarèd la: Pa kite bagay ou te wè epi w te tandè yo ale nan mond lan jistan ^alè a rive pou m glorifye non m nan lachè; se poutèt sa, kache bagay ou te wè e w te tandè yo, epi pa montre okenn moun yo.

22 Lè w vin jwenn mwen, ekri yo, epi poze so sou yo pou pèsonn pa kapab entèprete yo; paske, w ap ekri yo nan yon lang yo pa kapab li.

23 M ap ba w ^ade wòch, epi w ap poze so sou yo tou avèk bagay ou pral ekri yo.

24 Paske, m te konfonn lang ou pral ekri a; men, nan tan pa m, m ap fè wòch sa yo mayifye bagay ou pral ekri yo devan lèzòm.

25 Lè Senyè a te fin di bagay sa yo, li te montre frè Jarèd la ^atout moun ki te sou tè a, ak tout sila yo ki gen pou vini sou tè a, epi li pa t retire yo devan je l, menm tout kwen tè a.

26 Paske anvan sa, li te di l konsa, ^asi l vle ^bkwè nan li, li kapab montre l ^ctout bagay—Li ta dwe montre l; se poutèt sa, Senyè a pa t kapab kache anyen pou li; paske li te konnen Senyè a te kapab montre l tout bagay.

27 Epi Senyè a te di l: Ekri bagay sa yo, epi ^amete so sou yo; epi m ap montre pitit lèzòm yo li lè tan pa m nan rive.

28 Epi, se te konsa, Senyè a te kòmande l pou l mete so sou

15a GE Kwayans, kwè.

b Jen. 1:26–27;

Mozya 7:27;

D&A 20:17–18.

16a GE Lespri.

17a 3 Ne. 11:8–10.

19a GE Vwal.

20a Etè 12:19–21.

21a Etè 4:1.

23a GE Ourim ak

Toumim.

25a Moyiz 1:8.

26a Etè 3:11–13.

b GE Kwayans, kwè.

c Etè 4:4.

27a 2 Ne. 27:6–8.

de “wòch li te resevwa yo, pou l pa t montre moun yo, jistan Senyè a ta montre pitit lèzòm yo li.

CHAPIT 4

Mowoni resevwa kòmandman pou l mete so sou ekriti frè Jarèd la— Yo p ap devwale jistan lèzòm gen lafwa menm jan ak frè Jarèd la— Kris la kòmande lèzòm pou yo kwè pawòl Li yo ak pawòl disip Li yo— Lèzòm resevwa kòmandman pou yo repanti, pou yo kwè levanjil la, epi pou yo sove.

SENYÈ a te kòmande frè Jarèd la pou l desann soti nan montay la, soti nan prezans Senyè a, epi pou l “ekri bagay li te wè yo; bagay sa yo te entèdi pou ale nan pami pitit lèzòm ^bjouk apre yo te mete l sou kwa a; se poutèt sa, wa Mozya te kenbe yo, pou yo te kapab pa vini nan mond lan jistan Kris la te fin fè pèp li a wè l.

2 Epi, lè Kris la te fin fè pèp li a wè l reyèlman, li te kòmande pou bagay sa yo vin piblik.

3 Kounyeya, apre sa, yo tout te tonbe nan enkredilite; yo tout, eksepte Lamanit yo, yo te vire do bay levanjil Kris la; se poutèt sa, m te resevwa kòmandman pou m te “kache yo ankò anba tè a.

4 M te ekri sou plak sa yo, bagay frè Jarèd la te wè yo menm;

epi moun pa t janm wè pi gwo bagay pase sa frè Jarèd la te wè a.

5 Se poutèt sa, Senyè a te kòmande m pou m ekri yo. Li te kòmande m pou m “mete so sou yo; epi li te kòmande m pou m mete so sou entèpretasyon an; se poutèt sa, m te mete so sou ^bentèprèt yo dapre kòmandman Senyè a.

6 Paske Senyè a te di m: Yo pa pral jwenn Janti yo anvan Janti yo repanti nan inikite yo, epi yo vin pwòp devan Senyè a.

7 Senyè a te di konsa, nan jou yo egzèsè lafwa nan mwen, menm jan avèk frè Jarèd la, pou yo kapab vin “sanktifye nan mwen, lè sa a, m ap fè yo wè bagay frè Jarèd la te wè yo, menm pou m louvri tout revelasyon m ba yo; se sa Jezikri, Pitit Gason Bondye a, ^bPapa syèl la ak tè a, ak tout sa ki ladan l yo te di.

8 Moun ki “lite kont pawòl Senyè a, se pou l modi; epi moun ki ^bnye bagay sa yo se pou l modi; paske, m ‘p ap montre yo pi gwo bagay, paske se mwen ki pale; se sa Jezikri te di.

9 Lè m kòmande, syèl la louvri epi li “fèmen, lè m pale ^btè a ap tranble, epi lè m kòmande, moun ki rete sou tè a ap pase, menm si se anba dife.

10 Moun ki pa kwè pawòl

28a D&A 17:1.
4 1a Etè 12:24.
GE Ekriti yo.
b Etè 3:21.
3a Mòm. 8:14.
5a Etè 5:1.
b D&A 17:1;

I—JS 1:52.
GE Ourim ak
Toumim.
7a GE Sanktifikasyon.
b Mozya 3:8.
8a 3 Ne. 29:5-6;
Mòm. 8:17.

b 2 Ne. 27:14; 28:29-30.
c Alma 12:10-11;
3 Ne. 26:9-10.
9a 1 Wa 8:35;
D&A 77:8.
b Ela. 12:8-18;
Mòm. 5:23.

mwen, li pa kwè disip mwen yo; epi si m pa pale, malè pou ou, paske w ap konnen se mwen ki pale nan “dènye jou a.

11 Men, moun ki “kwè bagay sa yo m te pale a, m ap vizite l avèk manifestasyon Lespri m, l ap konnen, epi l ap rann temwayaj. Paske, poutèt Lespri m, l ap ^bkonnen bagay sa yo se “verite; paske sa pèsyade lèzòm pou yo fè byen.

12 Epi, tout sa ki pèsyade lèzòm pou yo fè byen soti nan mwen; paske “byen pa soti nan okenn lòt, eksepte nan mwen. Se menm mwen menm ki dirije lèzòm nan tout sa ki bon; moun ki ^bpa kwè nan pawòl mwen yo, li p ap kwè nan mwen—M egziste; epi moun ki pa kwè m, li p ap kwè Papa a ki voye m nan. Paske m se Papa a, m se “limyè a, ak “lavi a, ak verite mond lan.

13 “Vin jwenn mwen, O, nou menm Janti yo, epi m ap montre nou pi gwo bagay yo, konnesans yo ki kache poutèt enkredilite.

14 Vin jwenn mwen, O, ou menm kay Izrayèl la, epi w ap “konnen gwo bagay Papa a te sere pou ou depi nan fondasyon mond lan; epi bagay sa yo pa vin jwenn ou poutèt enkredilite.

15 Lè w dechire vwal enkredilite ki lakòz ou rete nan eta mechanste terib ou ye a, ki fè kè w di, epi ki vegle panse w la, lè sa a bèl gwo bagay ki te rete “kache pou ou depi fondasyon mond lan—wi, lè w rele Papa a nan non m, avèk yon kè brize, epi avèk yon lespri kontri, lè sa a, w ap konnen Papa a te sonje alyans li te fè avèk zansèt ou yo, O, kay Izrayèl la.

16 Lè sa a, “revelasyon m yo m te fè sèvitè m nan, Jan, ekri a, m ap fè yo louvri devan je tout moun. Sonje, lè w wè bagay sa yo, w ap konnen lè a ap pwoche pou yo parèt toutbon.

17 Se poutèt sa, “lè w resevwa rejis sa yo, ou mèt konnen travay Papa a kòmanse sou tout sifas tè a.

18 Se poutèt sa, “repanti, tout kwen tè a, vin jwenn mwen, kwè nan levanjil mwen an, epi ^bbatize nan non m; paske, moun ki kwè epi ki batize ap sove; men, moun ki pa kwè ap kondane; epi “siy ap suiv moun ki kwè nan non m.

19 Moun ki rete avèk “lafwa nan non m nan dènye jou a ap beni; paske, l ap leve pou l rete nan wayòm ki te pare pou li a, ^bdepi nan fondasyon mond lan. Epi, se mwen menm ki di sa. Amèn.

10a 2 Ne. 33:10-15.

11a D&A 5:16.

b GE Temwayaj.

c Etè 5:3-4;

Mowo. 10:4-5.

12a Alma 5:40;

Mowo. 7:16-17.

b 3 Ne. 28:34.

c GE Limyè, limyè Kris.

d Jan 8:12; Alma 38:9.

13a 3 Ne. 12:2-3.

14a D&A 121:26-29.

15a 2 Ne. 27:10.

16a Apok. 1:1;

1 Ne. 14:18-27.

17a 3 Ne. 21:1-9, 28.

18a 3 Ne. 27:20;

Mowo. 7:34.

b Jan 3:3-5.

GE Batèm, batize—
Lesansyèl.

c GE Don Lespri yo.

19a Mozya 2:41;

D&A 6:13.

GE Jezikri—Pran non

Jezikri avèk nou.

b 2 Ne. 9:18.

CHAPIT 5

Twa temwen, epi travay la poutèt pa l pral sèvi kòm temwayaj konsènan verite liv Mòmmon an.

KOUNYEYA, mwen menm Mowoni, m te ekri pawòl m te resevwa kòmmandman pou m te ekri yo, dapre memwa m; epi m di w bagay m te “sele yo; se poutèt sa, pa touche yo nan lide pou w chèche tradui yo; paske, bagay sa yo entèdi pou ou, eksepte apre yon tan lè se dapre lasajès Bondye a.

2 Epi, ou kapab gen privilèj pou w kapab montre plak yo bay “moun ki pral ede w yo nan piblikasyon travay sa a;

3 Epi, pouvwa Bondye a pral fè “twa moun wè yo; se poutèt sa, y ap ^bkonnen toutbon bagay sa yo se ^cverite.

4 Epi, bagay sa yo pral tabli nan bouch twa “temwen; pouvwa Bondye ak pawòl li pral parèt nan temwayaj twa moun ak travay sa a, Papa a, Pitit Gason an, ak Sentespri a pral rann temwayaj konsènan sa—epi tout sa pral sèvi kòm temwayaj kont mond lan nan dènye jou a.

5 Epi, si yo repanti, epi yo “vin jwenn Papa a nan non Jezi, y ap resevwa yo nan wayòm Bondye a.

6 Si m pa gen otorite pou bagay sa yo, malè pou ou; paske w ap konnen m gen otorite lè w wè m, epi n ap kanpe devan

Bondye nan dènye jou yo. Amèn.

CHAPIT 6

Van an pouse bato Jaredit yo ale nan tè pwomiz la—Pèp la louwe Senyè a pou bonte Li—Yo lonmen Oriya wa sou tèt yo—Jarèd ak frè l la mouri.

KOUNYEYA, mwen menm Mowoni, m kòmmanse rakonte istwa Jarèd ak frè l la.

2 Paske, se te konsa, lè Senyè a te fin pare “wòch yo frè Jarèd la te pote nan montay la, frè Jarèd la te desann sòti nan montay la, li te mete wòch yo nan bato ki te pare yo, youn nan chak pwent, epi yo te klere bato yo.

3 Konsa, Senyè a te fè wòch klere nan fènwa pou l te kapab bay gason, fi, ak timoun yo limyè pou yo pa t travèse gwo dlo a nan fènwa.

4 Epi, se te konsa, lè yo te fin pare tout kalite manje pou yo te kapab reziste sou dlo a, ak manje pou bèt yo, ak tout kalite bèt, ak zwazo yo te pote avèk yo—epi, se te konsa, lè yo te fin fè tout bagay sa yo, yo te monte nan batiman oubyen bato yo, yo te mete kò yo sou lanmè a, yo te lage tèt yo bay Senyè Bondye yo a.

5 Epi, se te konsa, Senyè Bondye te fè yon “move van soufle sou dlo a, nan direksyon tè

5 1a 2 Ne. 27:7-8, 21;

Etè 4:4-7.

2a 2 Ne. 27:12-14;
D&A 5:9-15.

3a 2 Ne. 11:3; 27:12.
b D&A 5:25.

c Etè 4:11.

4a Gade nan antèt D&A 17 ak vèsè 1-3; gade tou nan “Temwayaj Twa Temwen yo” nan kòmansman

Liv Mòmmon an.

5a Mòm. 9:27;
Mowo. 10:30-32.

6 2a Etè 3:3-6.

5a Etè 2:24-25.

pwomiz la; konsa, yo t ap monte desann sou lam lanmè yo devan van an.

6 Epi, se te konsa, anpil fwa, yo te antere nan pwofondè lanmè a poutèt bit lanm lanmè yo ki te monte sou yo, ak gwo tanpèt terib move van an te pote.

7 Epi, se te konsa, lè yo te antere nan pwofondè lanmè a, dlo pa t kapab fè yo anyen; bato yo te san ^afant tankou yon kivèt, epi yo te san fant tankou ^bbato Noye a; se poutèt sa, lè dlo te antoure yo tout kote, yo te kriye nan pye Senyè a, epi li te fè yo monte sou dlo a ankò.

8 Epi, se te konsa, van an pa t janm sispann soufle nan direksyon tè pwomiz la pandan yo te sou dlo a; konsa, van an t ap pouse yo devan.

9 Yo te ^achante louwanj pou Senyè a; wi, frè Jarèd la te chante louwanj pou Senyè a; li te ^bremèsye Senyè a, epi li te louwe l tout lajounen; epi lè l te nan nuit, yo pa t sispann louwe Senyè a.

10 Konsa, van an te pouse yo; epi okenn mons nan lanmè a pa t kapab kraze yo, ni tou labalèn pa t kapab nwi yo; epi yo te gen limyè tout tan, menm si se te sou dlo a oubyen anba dlo a.

11 Epi konsa, van an te pouse yo sou dlo a pandan twasan karannkat jou.

12 Epi, yo te rive sou plaj tè pwomiz la. Lè yo te mete pye

sou tè pwomiz la, yo te bese tè yo atè sou tè a, yo te desann tè devan Senyè a, yo te kriye nan lajwa devan Senyè a poutèt pa-kèt bon mizèrikòd li pou yo.

13 Epi, se te konsa, yo t ale nan peyi a, epi yo te kòmanse travay tè a.

14 Jarèd te gen kat pitit gason; yo te rele Jakòm, Gilga, Maa ak Oriya.

15 Epi, frè Jarèd la te fè pitit gason ak pitit fi tou.

16 ^aZanmi Jarèd yo ak frè l yo te yon kantite vennde nanm konsa; yo te fè pitit gason ak pitit fi anvan yo te vini sou tè pwomiz la; se poutèt sa, yo te kòmanse vin anpil.

17 Yo te preche yo pou yo ^amachè avèk imilite devan Senyè a; epi tou, ^benstriksyon yo te soti anlè nan syèl la.

18 Epi, se te konsa, yo te kòmanse gaye nan peyi a, yo te kòmanse multipliyè, epi yo te kòmanse travay tè a; epi yo te vin grandi nan peyi a.

19 Frè Jarèd la te kòmanse vin granmoun, li te wè li gen pou l desann nan tonb nan yon tikras tan; se poutèt sa, li te di Jarèd: An nou rasanble pèp nou an ansanm pou nou kapab konte yo, pou yo kapab fè nou konnen ki sa yo vle nou fè pou yo anvan nou desann nan tonm la.

20 Daprè jan yo te vle a, pèp la te rasanble ansanm. Kantite pitit gason ak pitit fi frè Jarèd la te vennde nanm; epi kantite pitit

7a Etè 2:17.
b Jen. 6:14;
Moyiz 7:43.
9a GE Chante.

b 1 Kwo. 16:7-9;
Alma 37:37;
D&A 46:32.
16a Etè 1:41.

17a GE Mache, mache
avèk Bondye.
b GE Revelasyon.

gason ak pitit fi Jarèd yo te douz, li te gen kat gason.

21 Epi, se te konsa, yo te konte pèp yo a; epi lè yo te fin konte yo, yo te vle konnen ki sa pèp la te vle yo fè pou pèp la anvan yo desann nan tonb yo.

22 Epi, se te konsa, pèp la te vle pou Jarèd ak frè l la “konsakre youn nan pitit gason yo kòm wa alatèt pèp la.

23 Sa te fè yo mal. Epi frè Jarèd la te di yo: anverite, sa ap “men-nen nou nan kaptivite.

24 Men Jarèd te di frè l la: Kite yo gen yon wa. Se poutèt sa, li te di yo: Chwazi nan pami pitit gason nou yo moun nou vle fè wa a.

25 Epi, se te konsa, yo te chwazi premye pitit frè Jarèd la; li te rele Pagag. Epi, se te konsa, li te refize, epi li pa t aksepte pou l wa yo. Pèp la te vle pou papa l fòse l; men, papa l pa t vle; epi li te kòmande yo pou yo pa fòse okenn moun vin wa yo.

26 Epi, se te konsa, pèp la te chwazi tout frè Pagag yo, epi yo pa t vle.

27 Epi, se te konsa, pitit gason Jarèd yo pa t vle tou; yo tout pa t vle, eksepte yon sèl; epi yo te tabli Oriya wa alatèt pèp la.

28 Li te kòmanse gouvène; pèp la te kòmanse pwospere; epi pèp la te vin rich anpil.

29 Epi, se te konsa, Jarèd te mouri; frè l la tou.

30 Epi, se te konsa, Oriya te mache avèk imilite devan Senyè a, epi li te sonje gwo ba-

gay Senyè a te fè pou papa l yo; epi tou li te aprann pèp li a gwo bagay Senyè a te fè pou zansèt yo.

CHAPIT 7

Oriya gouvène nan lajistis—Nan koken ak lobo, de wayòm opoze Choul ak Koyò te tabli—Pwofèt yo kondane mechanste ak idolatri pèp la, pèp la repanti apre sa.

EPI, se te konsa, Oriya te egzekite jijman nan peyi a avèk lajistis pou tout lavi l, ki te long anpil.

2 Epi li te fè pitit gason ak pitit fi; wi, li fè tranteyen, epi nan pami yo te gen venntwa gason.

3 Epi, se te konsa tou, li te fè Kib lè l te fin granmoun; epi, se te konsa, Kib te gouvène nan plas li, epi Kib te fè Kòriyò.

4 Lè Kòriyò te gen trann-de zan, li te revòlte kont papa l, epi li t al rete nan peyi Neyò a; li te fè pitit gason ak pitit fi, epi yo te vin bèl anpil; se poutèt sa, Kòriyò te rale anpil moun dèyè l.

5 Lè l te fin rasanble yon lame, li te monte nan peyi Mowon kote wa a te rete a epi li te arete l; sa te fè “pawòl frè Jarèd la akonpli, lè l te di konsa yo t ap tonbe nan kaptivite a.

6 Peyi Mowon an, kote wa a te rete a te pre kote Nefit yo te rele Dezolasyon an.

7 Epi, se te konsa, Kib te rete nan prizon, epi pèp li a te anba men Kòriyò, pitit gason li a, jistan Kib te vin granmoun anpil; men, kib te fè Choul lè l te

granmoun, pandan l te nan prizon an.

8 Epi, se te konsa, Choul te fache kont frè l la; Choul te vin grandi, epi li te vin fò daprè fòs yon nonm; epi tou, li te entèlijan anpil.

9 Se poutèt sa, li te monte sou kolin Efrayim nan, li te fann nan tèt kolin nan, epi li te fè epe avèk metal pou moun li te pran avèk li yo; lè l te fin ba yo epe, li te retounen nan vil Neyò a, epi li te goumen avèk frè l la, Kòriyò; konsa, li te pran wayòm nan, epi li te remèt li bay papa l, Kib.

10 Poutèt sa Choul te fè a, papa l te ba l wayòm nan; se poutèt sa li te kòmanse gouvène nan plas papa l.

11 Epi, se te konsa, li te egzekite jijman avèk lajistis; li te laji wayòm li nan tout peyi a, paske pèp la te vin tèlman anpil.

12 Epi, se te konsa tou, Choul te fè anpil pitit gason ak pitit fi.

13 Kòriyò te repanti nan pakèt move bagay li te fè yo; se poutèt sa, Choul te ba l pouvwa nan wayòm li a.

14 Epi, se te konsa, Kòriyò te gen anpil pitit gason ak pitit fi; epi nan pami pitit gason Kòriyò yo, te gen youn ki te rele Noye.

15 Epi, se te konsa, Noye te revòlte kont Choul, wa a, epi tou kont papa l, Kòriyò, epi li te pran Koyò, frè l la avèk li ak anpil moun nan pèp la.

16 Li te goumen avèk Choul, wa a; nan batay la, li te pran premye tè yo te eritye a; epi li te vin tounen wa nan pati tè sa a.

17 Epi, se te konsa, li te goumen avèk Choul, wa a ankò; li te pran Choul, wa a, li te menen l nan kaptivite nan Mowon.

18 Epi, se te konsa, pandan l ta pral touye l, pitit gason Choul yo te glise lakay Noye nan nuit, yo te touye Noye, yo te kraze pòt prizon an, yo te mete papa yo deyò, epi yo te mete l sou twòn li nan wayòm li a.

19 Pitit gason Noye a te kons-twi wayòm nan nan plas li; men, yo pa t gen pouvwa ankò sou Choul, wa a; epi pèp ki te sou lòd Choul la, wa a, te pwospere anpil, epi yo te vin fò.

20 Peyi a te divize; te gen de wayòm, wayòm Choul la, ak wayòm Koyò, pitit gason Noye a.

21 Koyò, pitit gason Noye a, te fè pèp li a goumen avèk pèp Choul la; nan batay la, Choul te bat yo, epi li te touye Koyò.

22 Koyò te gen yon pitit gason ki te rele Nimròd; Nimròd te remèt wayòm Koyò a nan men Choul; epi Choul te favorize l; se poutèt sa, Choul te fè l anpil favè, epi li te fè sa l vle nan wayòm Choul la.

23 Sou gouvènman Choul la, te gen pwofèt ki te vini nan pami pèp la. Senyè a te voye yo pwofetize konsènan mechanste ak "idolatri pèp la ki te mete yon malediksyon nan peyi a, epi yo te gen pou yo detwi si yo pa repanti.

24 Èpi, se te konsa, pèp la te revòlte kont pwofèt yo, pèp la

te moke yo, epi se te konsa, wa Choul te egzekite jijman kont tout moun ki te revòlte kont pwofèt yo.

25 Epi, li te egzekite lalwa nan tout peyi a, ki te bay pwofèt yo pouvwa pou yo kapab ale nenpòt kote yo te vle; konsa, yo te mennen pèp la nan repantans.

26 Poutèt pèp la te repanti nan inikite ak idolatri, Senyè a te epaye yo, epi yo te kòmanse pwospere nan peyi a ankò. Epi, Choul te fè pitit gason ak pitit fi pandan l te granmoun.

27 Pa t gen lagè ankò nan epòk Choul la; epi li te sonje gwo bagay Senyè a te fè pou zansèt li yo, lè l te fè yo “travèse gwo lanmè fon an pou yo vin nan tè pwomiz la; se poutèt sa, li te egzekite jijman avèk lajistis nan tout epòk li a.

CHAPIT 8

Gen diskisyon ak chirepit pou wayòm nan—Akich fòme yon konbinezon ansekrè pou l touye wa a—Konbinezon ansekrè sòti nan men dyab la, epi rezilta yo detwi tout nasyon yo—Janti nan tan pa nou yo resewa avètisman kont konbinezon ansekrè ki pral chèche chavire libète tè, nasyon ak peyi yo.

EPI, se te konsa, li te fè Omè, epi Omè te gouvènè nan plas li. Omè te fè Jarèd, epi Jarèd te fè pitit gason ak pitit fi.

2 Jarèd te revòlte kont papa l, epi li te vin rete nan peyi Èt la. Epi, se te konsa, li te flate anpil moun avèk pawòl mètdam li yo

jistan li te pran mwatye nan wayòm nan.

3 Lè l te fin pran mwatye nan wayòm nan, li te goumen ak papa l, li te mennen papa l nan prizon, epi l te fè papa l travay nan prizon an;

4 Epi, nan epòk gouvènman Omè a, li te nan prizon pandan mwatye tan nan lavi l. Epi, se te konsa, li te fè pitit gason ak pitit fi; nan pami yo te gen Ezwòm ak Koryantoumr;

5 Yo te tèlman fache poutèt aksyon Jarèd, ki se frè yo, yo te rasanble yon lame, epi yo goumen avèk Jarèd. Epi, se te konsa, yo te goumen avèk li nan nuit.

6 Epi, se te konsa, lè yo te fin touye moun lame Jarèd la yo, yo ta pral touye l tou; li te priye yo pou yo pa t touye l, epi li te bay papa l wayòm nan. Epi, se te konsa, yo te ba l lavi.

7 Jarèd te vin gen anpil lapenn poutèt li te pèdi wayòm nan; paske, li te mete lide l sou wayòm nan ak laglwa mond lan.

8 Lè pitit fi Jarèd la ki te yon ekspè te wè lapenn papa l, li te mete nan tèt li pou l fè yon plan pou l te kapab rachte wayòm nan bay papa l.

9 Pitit fi Jarèd la te bèl anpil. Epi, se te konsa, li te pale avèk papa l, epi li te di l: Kòman papa m fè gen tout lapenn sa a? Èske li pa t li istwa zansèt nou yo te pote sou lanmè fon an? Reyèlman, èske pa gen yon istwa konsènan moun lontan yo, ki fè konnen yo te konn

kaptire wayòm ak anpil laglwa nan plan "ansekrè?

10 Epi kounyeya, se poutèt sa, kite papa m voye chèche Akich, pitit Kimnò a; m bèl, m ap "danse devan l, epi m ap fè l plèzi pou l te kapab renmen m kòm madanm; konsa, si l te vle w pou ba li m kòm madanm, lè sa a ou mèt di l: M ap ba w l si w ta pote tèt papa m, wa a, ban mwen.

11 Omè te zanmi Akich; lè Jarèd te voye chèche Akich, pitit fi Jarèd la te danse devan l; li fè l plèzi tèlman, li te vle pran l pou madanm. Epi, se te konsa, li te di Jarèd: Ban mwen l pou madanm.

12 Epi, Jarèd te di l: M ap ba w l pou madanm si w pote tèt papa m, wa a, ban mwen.

13 Epi, se te konsa, Akich te rasanble tout fanmi l lakay Jarèd, epi li te di yo: Èske w vle sèmante pou w rete fidèl nan bagay m pral mande w la?

14 Epi, se te konsa, yo tout te "sèmante ba li, nan non Bondye ki nan syèl la, nan non syèl ak nan non tè a, epi yo te fè sèman sou tèt yo pou nenpòt moun ki refize Akich asistans li bezwen an pèdi tèt li; epi pou nenpòt moun ki ta gaye nenpòt bagay Akich ta fè yo konnen ta pèdi lavi l.

15 Epi, se te konsa, yo te dakò avèk Akich. Akich fè "sèman bay yo; menm sèman moun lontan ki te dèyè pouvwa yo te konn fè yo, ki te soti nan men ^bKayen

yo, ki te yon asasen depi nan kòmansman an.

16 Pouvwa dyab la te kenbe yo pou yo fè kontra sa yo avèk pèp la, pou kenbe yo nan tenèb, pou ede moun ki te dèyè pouvwa jwenn pouvwa, pou yo fè asasina, ak piyay, epi pou yo fè tout kalite mechanste ak idolatri seksyèl.

17 Se te pitit fi Jarèd la ki te mete sa nan kè Jarèd pou l chèche bagay ansyen sa yo, epi Jarèd te mete sa nan kè Akich; se poutèt sa, Akich te bay fanmi l yo ak zanmi l yo bagay sa a, li te pran tèt yo avèk bèl pwomès pou yo fè nenpòt bagay li te vle yo fè.

18 Epi, se te konsa, yo te monte yon "konbinezon ansekrè menm jan avèk nan tan lontan; se konbinezon sa a ki pi abominab epi ki pi move pase tout lòt devan je Bondye.

19 Paske, Senyè a pa travay nan konbinezon ansekrè, ni tou li pa vle lèzòm fè san koule; men, li defann sa nan tout bagay depi nan kòmansman lèzòm.

20 Kounyeya, mwen menm Mowoni, m pa ekri kalite sèman ak konbinezon yo te fè, paske m te aprann bagay sa yo te nan pami tout pèp, epi yo te nan pami Lamanit yo.

21 Epi, yo te lakòz ^adestriksyon pèp sa a m ap pale a, epi tou ak destriksyon pèp Nefi a.

22 Nenpòt nasyon ki kenbe konbinezon ansekrè sa yo, pou

8 ^{9a} Ela. 6:26–30;
3 Ne. 6:28;
Moyiz 5:51–52.
10 ^a Mak 6:22–28.

14 ^a GE Blasfèm, blasfeme.
15 ^a GE Sèman.
^b Jen. 4:7–8;
Moyiz 5:28–30.

18 ^a GE Konbinezon sekrè.
21 ^a Ela. 6:28.

yo kapab gen pouvwa ak pwofijistan yo vin gaye nan pami nasyon an, y ap detwi; paske, Senyè a p ap aksepte pou “san sen li yo y ap fè koule a toujou kriye ^bvanjans nan tè a ba li kont yo, san l pa fè vanjans.

23 Se poutèt sa, O, nou menm Janti yo, se dapre lasajès Bondye a pou nou konnen bagay sa yo, pou nou kapab repanti nan peche nou yo, epi pou nou pa aksepte konbinezon asasina sa yo monte sou nou; yo monte pou yo pran “pouvwa avèk enterè—epi travay la, wi, travay destriksyon an menm vini sou nou, wi, epe lajistis Bondye Etènèl la ap tonbe sou nou pou chavire nou, epi pou detwi nou si nou kite bagay sa yo fèt.

24 Se poutèt sa, Senyè a kòmande nou, lè nou wè bagay sa yo vini nan pami nou, reveye, epi pran sans sitiasyon terib nou an, poutèt konbinezon sekre sa a ki nan pami nou; oubyen, malè pou nou poutèt moun ki te mouri anba men asasen yo; paske, y ap kriye anba tè a pou vanjans sou tè a ak sou tèt moun ki te òganize bagay sa a.

25 Paske, nenpòt moun ki òganize bagay sa a, y ap chèche chavire ^alibète tout tè a, tout nasyon ak tout peyi yo; epi sa ap lakòz destriksyon tout pèp, paske se dyab la, papa tout manti yo ki te òganize l; menm mantè ki te ^btwonpe premye paran nou yo,

wi, menm mantè sa a ki te fè lèzòm fè asasina depi nan kòmansman an; ki fè kè lèzòm di pou yo kapab touye pwofèt yo, pou yo lapide yo avèk kout wòch, epi pou yo chase yo depi nan kòmansman an.

26 Se poutèt sa, mwen menm Mowoni, m te resevwa kòmandman pou m ekri bagay sa yo, pou mal kapab efase, epi pou lè a rive pou Satan kapab “pa gen pouvwa sou kè lèzòm ankò, men, pou yo kapab ^bpèsyade pou yo fè byen tout tan, pou yo vini nan fontèn ki plen lajistis la, epi pou yo sove.

CHAPIT 9

Wayòm nan pase nan yon men al nan yon lòt dapre desandans, konbinezon, ak asasina—Emè wè Pitit Gason Lajistis la—Anpil pwofèt preche repantans—Famin ak sèpan pwazonnen akable pèp la.

KOUNYEYA, mwen menm Mowoni, m ap kontinye istwa m nan. Poutèt “konbinezon ansekrè Akich ak zanmi l yo, yo chavire wayòm Omè a.

2 Men, Senyè a te gen mizèrikòd pou Omè, ak pitit gason li yo, epi ak pitit fi li yo ki pa t chèche pou detwi l.

3 Senyè a te avèti Omè nan yon rèv pou l pati kite peyi a; se poutèt sa, Omè te pati ak fanmi l, li te vwayaje pandan anpil jou, li te vini, li te pase bò kote

22a Mòm. 8:27, 40–41.

^b GE Vanjans.

23a 1 Ne. 22:22–23;

Moyiz 6:15.

25a GE Lib, libète.

^b Jen. 3:1–13;

2 Ne. 9:9;

Mozya 16:3;

Moyiz 4:5–19.

26a 1 Ne. 22:26.

^b 2 Ne. 33:4;

Mowo. 7:12–17.

9 1a Etè 8:13–17.

kolin ^aChim nan, li t al kote Nefit yo ^bte detwi a, soti la, li t al nan lès, li te rive yon kote ki te rele Ablòm, bò rivaj lanmè a, epi se la li te plante tant li, avèk pitit gason li yo, pitit fi li yo, ak tout fanmi l, eksepte Jarèd ak fanmi l.

4 Epi, se te konsa, Jarèd te resevwa nominasyon kòm wa anba men mechanste; epi li te bay Akich pitit fi li a pou madanm.

5 Epi, se te konsa, Akich te vle pran lavi bòpè l; li te konplote avèk moun li te sèmante yo, avèk sèman moun ansyen yo, epi yo te pran tèt bòpè l pandan l te chita sou twòn li a, epi pandan l t ap pale avèk pèp li a.

6 Paske, sosyete sekre mechan sa a te tèlman gaye, li te kòwonpi kè tout pèp la; se poutèt sa, yo te asasinen Jarèd sou twòn li, epi Akich te gouvène nan plas li.

7 Epi, se te konsa, Akich te kòmanse jalou akoz pitit gason li a, se poutèt sa, li te fèmen l nan prizon, epi li te ba l ti kras manje oubyen li pa t ba l manje ditou jistan l soufri lanmò.

8 Frè moun ki te soufri lanmò a, (li te rele Nimra) te fache kont papa l poutèt sa papa l te fè frè l la.

9 Epi, se te konsa, Nimra te rassemble yon ti gwoup moun ansanm, li te sove kite peyi a, epi li t al rete avèk Omè.

10 Epi, se te konsa, Akich te fè lòt pitit gason, epi yo te pran kè pèp la, malgre yo te sèmante

Akich pou yo fè tout kalite inikite daprè jan l te vle.

11 Pèp Akich la te vle enterè menm jan Akich te vle pouvwa a; se poutèt sa, pitit Akich yo te ofri yo lajan; konsa, yo te rale pi fò nan pèp la dèyè yo.

12 Te kòmanse gen yon lagè nan pami pitit gason Akich yo avèk Akich ki te dire anpil ane, wi, jouk nan destriksyon prèske tout pèp wayòm nan, wi, yo tout, eksepte trant nanm ak moun ki te sove avèk fanmi Omè yo.

13 Se poutèt sa, Omè te tabli ankò nan tè eritaj li a.

14 Epi, se te konsa, Omè te kòmanse vin granmoun; men, pandan l te granmoun nan, li te fè Emè; epi li te nonmen Emè wa pou l gouvène nan plas li.

15 Lè l te fin nonmen Emè wa, li te wè lapè nan peyi a pou dezans, epi l te mouri apre l te fin wè anpil jou ki te chaje avèk lapenn. Epi, se te konsa, Emè te gouvène nan plas li, epi li te mache sou tras papa l.

16 Senyè a te kòmanse wete malediksyon an nan peyi a ankò, epi fanmi Emè a pwospere anpil sou gouvènman Emè a, epi nan swasann-de zan yo te vin tèlman fò yo te vin rich anpil—

17 Yo te gen tout kalite fwi, grenn, twal swa, lenn fen, lò, ak lajan, ak bagay ki te koute chè.

18 Epi, tout kalite bèt, bèf ak vach, ak mouton, kochon ak kabrit, epi ak lòt kalite bèt itil pou nouriti lèzòm.

19 Epi tou, yo te gen ^acheval ak bourik, ak elefan, kirelom ak

^{3a} Mòm. 1:3; 4:23.

^b Mòm. 6:1-15.

19a 1 Ne. 18:25.

kimom ak tout sa ki te itil pou lèzòm, espesyalman elefan yo, kirelom ak kimom yo.

20 Konsa, Senyè a te vide benediksyon l yo sou peyi sa a ki te “pi bon pase tout lòt peyi; epi li te bay kòmandman pou nenpòt moun ki posede peyi a posede l nan Senyè a, oubyen y ap ^bdetwi lè yo pouri nan inikite; paske Senyè a di konsa: Sou moun sa yo m ap vide totalite kòlè m.

21 Emè te egzekite jijman nan lajistis pandan tout lavi l; li te fè anpil pitit gason ak pitit fi; li te fè Koryantoum epi li te lonmen Koryantoum pou dirije nan plas li.

22 Lè l te fin lonmen Koryantoum pou dirije nan plas li, li te viv pandan katran; wi epi li te menm wè “Pitit Gason Lajistis la, li te rejwi epi li te glorifye jou sa a, epi li te mouri nan lapè.

23 Epi, se te konsa, Koryantoum te mache sou tras papa l; li te konstwi anpil gwo vil, epi li te administre bon bagay pou pèp li a pandan tout lavi l. Epi, se te konsa, li pa t gen pitit jistan li te vin granmoun.

24 Epi, se te konsa, madanm li te mouri, lè l te gen sande zan. Epi, se te konsa, pandan Koryantoum te granmoun nan, li te pran yon jèn fi pou madanm, epi li fè pitit gason ak pitit fi; li te viv jistan li te gen san karann-de zan.

25 Epi, se te konsa, li te fè Kòm, epi Kòm gouvènè nan plas li; li te gouvènè pandan karant-nèf

ane, epi li te fè Èt; epi limenm tou te fè pitit gason ak pitit fi.

26 Pèp la te gaye nan tout peyi a ankò, epi te kòmanse gen yon gwo mechanste nan peyi a ankò; epi Èt te kòmanse anbrase ansyen plan sekrè yo ankò pou l kapab detwi papa l.

27 Li te detwone papa l, paske li te touye l avèk epe pa l menm, epi li te gouvènè nan plas li.

28 Pwofèt yo te vini nan peyi a ankò pou preche yo repantans—Pou fè yo konnen yo dwe pare chemen Senyè a, oubyen yon malediksyon ap vini sou peyi a; wi, ap menm gen yon gwo famin k ap detwi yo si yo pa repanti.

29 Men, pèp la pa t kwè pawòl pwofèt yo; yo te chase yo, yo te jete kèk ladan yo nan twou, epi yo te kite yo pou yo peri. Epi, se te konsa, yo te fè tout bagay sa yo dapre kòmandman wa Èt.

30 Epi, se te konsa, te kòmanse gen yon gwo dizèt nan peyi a, epi moun yo ki rete nan peyi a te kòmanse detwi vit anpil paske pa t gen lapli sou sifas tè a.

31 Epi sèpan pwazonnen te vini sou sifas peyi a tou, e yo te pwazonnen anpil moun. Bèt yo te kòmanse kouri devan sèpan pwazonnen yo, nan direksyon sid, kote Nefit yo te rele “Zarayemla.

32 Epi, se te konsa, te gen anpil ladan yo ki te peri nan wout; men, te gen kèk ladan yo ki te sove al nan peyi sid la.

33 Epi, Senyè a pa t kite “sèpan yo suiv yo ankò; men, yo te bare

20a Etè 2:15.
b Etè 2:8–11.

22a 3 Ne. 25:2.
31a Omni 1:13.

33a Nonb 21:6–9.

wout la, pèp la pa t kapab pase; nenpòt moun ki ta eseye pase, ta tonbe anba sèpan pwazonnen.

34 Epi, se te konsa, pèp la te suiv chemen bèt yo, pèp la te devore rès bèt yo ki te tonbe nan wout la jistan yo te fin devore tout. Kounyeya, lè pèp la te wè y ap peri, yo te kòmanse “repanti nan inikite yo, epi yo te kòmanse kriye nan pye Senyè a.

35 Epi, se te konsa, lè yo te fin gen ase “imilite devan Senyè a, li te voye lapli sou sifas tè a; epi pèp la te kòmanse reviv ankò, te kòmanse gen fwi nan peyi nò yo ak nan tout lòt peyi alantou yo. Epi, Senyè a te montre yo pouvw a l, li te prezève yo anba famin.

CHAPIT 10

Yon wa ranplase yon lòt—Kèk nan wa yo te jis; lòt yo te mechan—Lè gen lajistis pèp la beni, epi Senyè a fè l pwospere.

EPI, se te konsa, Chèz ki te yon pitit Èt—Paske Èt te peri anba famin, ak tout moun lakay li, eksepté Chèz—Se poutèt sa, chèz te kòmanse bati nasyon kraze a ankò.

2 Epi, se te konsa, Chèz te sonje destriksyon zansèt li yo, epi l te konstwi yon wayòm ki te jis; paske l te sonje sa Senyè a te fè, jan l te fè Jarèd ak frè l la “travèse lanmè fon an; li te mache nan chemen Senyè a, epi li te fè pitit gason ak pitit fi.

3 Epi, premye pitit gason li a, ki te rele Chèz te revòlte kont

li; men, Chèz te pase anba men yon vòlè poutèt pakèt richès li yo, epi sa te pote lapè ankò bay papa l.

4 Epi, se te konsa, Papa l te konstwi anpil vil nan peyi a, epi pèp la te kòmanse gaye ankò nan tout peyi a. Chèz te viv jistan l te granmoun anpil, epi li te fè Riplakich. Li te mouri, epi Riplakich te gouvène nan plas li.

5 Epi, se te konsa, Riplakich pa t fè sa ki te jis devan je Senyè a, paske, li te gen anpil madanm ak “manmzèl, epi li te mete chay la sou zèpòl lòt moun; sa te grav pou moun pote; wi, li te fè yo peye gwo taks, epi ak taks yo, li te konstwi anpil gwo kay.

6 Li te konstwi yon twòn ki te bèl anpil pou tèt pa l; li te konstwi anpil prizon, epi nenpòt moun ki pa t vle dakò ak zafè taks yo, li te jete yo nan prizon; epi tout moun ki pa t kapab peye taks, li te jete yo nan prizon; epi li te fè yo travay tout tan pou sipòte tèt yo, epi tout moun ki pa t vle travay, li te fè touye yo.

7 Se konsa, tout travay rafine l yo te fèt; wi, li te fè yo rafine bon lò li yo nan prizon, epi li te fè yo fè tout kalite chedèv nan prizon an. Epi, se te konsa, li te aflije pèp li a avèk abominasyon seksyèl, epi avèk abominasyon l yo.

8 Èpi, lè l te fin gouvène pou karann-de zan, pèp la te leve nan rebelyon kont li; te tèlman kòmanse gen lagè nan peyi a ankò, yo te touye Riplakich, epi

34a Alma 34:34;
D&A 101:8.

35a D&A 5:24.
10 2a Etè 6:1–12.

5a Jakòb 3:5;
Mozya 11:2.

yo te chase desandan l yo nan peyi a.

9 Epi, se te konsa, apre anpil ane, Moryanton (ki te yon desandan Riplakich) li te rasanble yon lame nan pami rebèl yo, epi li t al goumen avèk pèp la; li te pran pouvwa sou anpil vil; lagè a te vin rèd anpil, epi li te dire pou anpil ane; Moryanton te pran pouvwa sou tout peyi a, epi li te tabli tèt li wa alatèt peyi a.

10 Lè l te fin tabli tèt li wa, li te soulaje chay pèp la; konsa pèp latè fè l favè, epi yo te konsakre l kòm wa yo.

11 Li te bay pèp la lajistis; men, li pa t bay tèt pa l lajistis poutèt anpil abominasyon seksyèl l yo; se poutèt sa, Senyè a te rejte l soti nan prezans li.

12 Epi, se te konsa, Moryanton te konstwi anpil vil; pèp la te vin rich anpil sou gouvènman li a, ni nan konstriksyon, ak nan lò ak lajan, nan machandiz, nan twoupo ak bèt, ak tout kalite bagay yo te vin retounen genyen.

13 Moryanton te viv lontan anpil, epi li te fè Kim; Kim te gouvène nan plas papa l; li te dirije pou ywit ane epi papa l te mouri. Epi, se te konsa, Kim pa t dirije nan lajistis, se poutèt sa, Senyè a pa t fè l favè.

14 Frè l la te leve nan rebelyon kont li; nan rebelyon an, frè l la te mennen l nan kaptivite; li te rete nan kaptivite tout lavi l, epi pandan l te granmoun, li te fè Levi; epi li te mouri.

15 Epi, se te konsa, Levi te sèvi

nan kaptivite apre papa l te fin mouri, pou karann-de zan. Epi li te fè lagè avèk wa peyi a; nan lagè a, li te pran wayòm nan pou tèt pa l.

16 Lè l te fin pran wayòm nan pou tèt pa l, li te fè sa ki te bon devan Senyè a; pèp la te pwospere nan peyi a, li te viv jistan l te byen granmoun, li te fè pitit gason ak pitit fi; li te fè Kowòm tou, epi li lonmen Kowòm wa nan plas li.

17 Epi, se te konsa, Kowòm te fè sa ki bon devan Senyè a pou tout lavi l; li te fè pitit gason ak pitit fi; epi lè l te fin wè anpil jou, li te mouri menm jan avèk tout moun sou tè a, epi Kich te gouvène nan plas li.

18 Epi, se te konsa, Kich te mouri tou, epi Lib te gouvène nan plas li.

19 Epi, se te konsa, tou, Lib te fè sa ki te bon devan Senyè a. Sou gouvènman Lib la, sèpan "pwazonnen yo te detwi. Se poutèt sa, moun yo t ale nan sid pou yo fè lachas pou pèp peyi a, paske peyi a te chaje avèk bèt nan bwa. Epi, Lib poutèt pa l, li te vin tounen yon gwo chasè.

20 Yo te bati yon gwo vil tou pre bout tè fen kote lanmè a separe tè a.

21 Yo te prezève tè sid la kòm forè pou lachas. Epi, tout tè nò a te kouvri avèk moun.

22 Yo te travaye anpil; yo te vann, yo te achte, epi yo te fè komès yonn avèk lòt pou yo te kapab fè benefis.

23 Yo te travay nan tout kalite

min; yo te fè lò, ak lajan, ak ^afè, ak kwiv, ak tout kalite metal; epi yo te fouye tè a; se poutèt sa, yo te anpile gwo bit tè pou yo jwenn min lò, ak lajan, ak fè, ak eren. Epi yo te fè tout kalite travay.

24 Yo te gen faktori twal swa, twal fen; yo te fè tout kalite rad pou yo kapab pa rete toutouni.

25 Yo te fè tout kalite zouti pou yo kiltive tè a, ni pou yo laboure, ni pou yo simen, pou yo rekòlte, pou yo vannen, epi pou yo pile.

26 Epi yo te fè tout kalite zouti pou bèt yo te kapab travay.

27 Yo te fè tout kalite zam pou lagè. Epi yo te fè tout kalite bèl chedèv.

28 Pa t janm gen yon pèp ki te pi beni pase yo, epi ki te pi pwospere anba men Senyè a. Epi, yo te nan yon peyi ki te pi bon pase tout lòt paske Senyè a te di sa.

29 Epi, se te konsa, Lib te viv pou anpil ane, li te fè pitit gason ak pitit fi, epi li te fè Eyatòm.

30 Epi, se te konsa, Eyatòm gouvènènan nan plas papa l. Lè Eyatòm te fin gouvènènan pou vennkat ane yo pran wayòm nan nan men l. Epi li sèvi nan kaptivite pou anpil ane, wi, menm tout rès lavi l.

31 Li fè Èt; epi Èt pase tout lavi l nan kaptivite. Èt fè Aawon, epi Aawon pase tout lavi l nan kaptivite; epi li fè Amnigada epi tou Amnigada pase tout lavi l nan kaptivite epi li fè Koryantoum; Koryantoum pase tout lavi l nan kaptivite epi li fè kòm.

32 Epi, se te konsa, Kòm te rale mwaye nan wayòm nan. Epi, li te gouvènènan mwaye nan wayòm nan pou karant-de zan; li t al goumen avèk wa Amjid; yo te goumen pou anpil ane; pandan tan sa a, kòm te pran pouvwa sou Amjid, epi li te pran pouvwa sou lòt rès wayòm nan.

33 Sou gouvènman Kòm nan, te kòmanse gen vòlè nan peyi a; yo te adopte plan ansyen yo, epi yo te administre ^sèman, menm jan avèk ansyen yo, epi yo te chèche pou yo detwi wayòm nan ankò.

34 Kòm te goumen avèk yo anpil; men, li pa t pran pye sou yo.

CHAPIT 11

Lagè, divizyon ak mechanste domine lavi Jaredit yo—Pwofèt yo pwofetize destriksyon total Jaredit yo si yo pa repanti—Pèp la rejte pawòl pwofèt yo.

NAN epòk kòm nan, te gen anpil pwofèt ki te vin pwofetize destriksyon gran pèp sa a si yo pa repanti, epi si yo pa tounen vin jwenn Senyè a, si yo pa abandone asasina ak mechanste yo.

2 Epi, se te konsa, pèp la te rejte pwofèt yo, epi yo te kouri al jwenn kòm pou pwoteksyon, paske pèp la t ap chèche touye yo.

3 Yo te pwofetize anpil bagay bay kòm; epi li te beni nan tout rès lavi l.

4 Li te viv jistan l te gen bon laj avanse, epi li te fè Chiblòm; epi

Chiblòm te gouvène nan plas li. Frè Chiblòm nan te revòlte kont li, epi te kòmanse gen yon gwo lagè nan tout peyi a.

5 Epi, se te konsa, frè Chiblòm nan te fè touye tout pwofèt ki te pwofetize destriksyon peyi a;

6 Te gen gwo kalamite nan tout peyi a, paske yo te te-mwaye te gen yon gwo malediksyon ki t ap tonbe sou peyi a, ak pèp la, epi t ap gen yon gwo destriksyon nan pami yo, yon kalite destriksyon moun pa t janm wè sou sifas tè a, epi zo yo t ap fè tankou "pil tè sou sifas peyi a, si yo pa repanti soti nan mekanste yo.

7 Epi yo pa t koute Senyè a, poutèt konbinezon mekan yo; se poutèt sa, te kòmanse gen lagè ak chirepit nan tout peyi a, epi te tèlman gen anpil famin ak lapès, te gen yon gran destriksyon, yon kalite destriksyon moun pa t janm wè sou sifas tè a, epi tout bagay sa yo te pase sou gouvènman Chiblòm nan.

8 Epi, pèp la te tèlman kòmanse repanti nan inikite yo, Senyè a te gen "mizèrikòd pou yo.

9 Epi, se te konsa, yo te touye Chiblòm; yo te mennen Sèt nan kaptivite, epi li rete nan kaptivite pou tout lavi l.

10 Epi, se te konsa, pitit gason li a, Aha te resevwa wayòm nan, epi li gouvènen pèp la pou tout lavi l. Li te fè tout kalite inikite pandan l t ap viv; li te fè anpil san koule; epi li pa t viv lontan.

11 Epi, Etèm ki te yon desan-

dan Aha, te resevwa wayòm nan; epi li menm tou, li te fè sa ki pa t bon nan lavi l.

12 Epi, se te konsa, nan epòk Etèm nan, te gen yon pakèt pwofèt ki te vin pwofetize pèp la ankò; wi, yo te pwofetize Senyè a t ap detwi pèp la sou sifas tè a si yo pa repanti nan inikite yo.

13 Epi, se te konsa, pèp la te fè kè di, yo pa t vle "koutè pawòl yo; pwofèt yo te lamante, epi yo te wete kò yo nan pami pèp la.

14 Epi, se te konsa, Etèm te egzekite jijman nan mekanste pandan tout lavi l; epi li te fè Mowon. Epi, se te konsa, Mowon te gouvène nan plas li, epi Mowon te fè sa ki mal devan Senyè a.

15 Epi, se te konsa, yon "rebelyon te leve nan pami pèp la poutèt konbinezon ansekre a ki te monte pou l pran pouvwa avèk pwofi; te gen yon nonm fò ki te leve nan inikite nan pami yo, epi li te goumen avèk Mowon; nan batay la, li te pran mwatye nan wayòm nan, epi li te kenbe mwatye wayòm nan pou anpil ane.

16 Epi, se te konsa, Mowon te chavire l, epi Mowon te pran wayòm nan ankò.

17 Epi, se te konsa, yon lòt nonm fò te leve; se te yon desandan frè Jarèd la.

18 Epi, se te konsa, li te chavire Mowon, epi li te pran wayòm nan; se poutèt sa, Mowon te rete nan kaptivite pandan tout rès lavi l, epi li te fè Koryantò.

19 Epi, se te konsa, Koryantò pase tout lavi l nan kaptivite.

20 Nan epòk Koryantò a, anpil pwofèt te vin pwofetize anpil gwo bagay; yo te kriye repantans nan pye pèp la pou fè konnen si yo pa repanti, Senyè Bondye a ap egzekite “jijman kont yo, jistan l detwi yo nèt.

21 Epi, Senyè Bondye a ap voye yon “lòt pèp pou posede peyi a, avèk pouvwa l, menm jan l te mennen zansèt Jaredit yo.

22 Yo te rejte tout pawòl pwofèt yo poutèt sosyete sekrè ak abominasyon moun mechan yo.

23 Epi, se te konsa, Koryantò te fè “Etè, epi Koryantò te mouri apre l te fin pase tout lavi l nan kaptivite.

CHAPIT 12

Pwofèt ki rele Etè a egzòte pèp la pou yo kwè nan Bondye—Mowoni rakonte bèl bagay lafwa fè—Lafwa pèmèt frè Jarèd la wè Kris la—Senyè a bay lèzòm feblès pou yo kapab gen imilite—Frè Jarèd la deplase montay Zerim nan avèk lafwa—Lafwa, esperans, ak charite nesèsè pou sove moun—Mowoni wè Jezi je nan je.

EPI, se te konsa, Etè te viv nan menm epòk avèk Koryantoumr, epi “Koryantoumr te wa nan tout peyi a.

2 “Epi Etè te yon pwofèt Senyè

a; se poutèt sa, Etè te vini nan tan Koryantoumr nan, epi li te kòmanse pwofetize pèp la, paske yo pa t kapab ^aanpeche l poutèt Lespri Senyè a ki te nan li.

3 Li te “preche depi nan maten jistan solèy la kouche; li te egzòte pèp la pou yo kwè nan Bondye, pou yo repanti pou yo kapab pa ^bdetwi; li di yo tout bagay akonpli avèk ^clafwa—

4 Se poutèt sa, nenpòt moun ki kwè nan Bondye kapab reyèlman “espere yon lemond ki pi bon; wi, menm yon plas a dwat Bondye; esperans sa a soti nan lafwa, li ^batache avèk nanm lèzòm, ki fè yo gen asirans epi yo rete fèm, pou yo fè “bon zèv tout tan, pou yo bay Bondye ^dlaglwa.

5 Etè te pwofetize pèp la gwo bagay mèveye yo pa t kwè paske yo pa t wè yo.

6 Kounyeya, mwen menm Mowoni, m vle yon jan pale konsènan bagay sa yo; m ap montre mond lan ^alafwa se bagay moun ^bespere san yo ^cpa wè; se poutèt sa, pa diskite paske w pa wè, paske w p ap resevwa temwayaj jistan lafwa ou pa fin ^dteste.

7 Paske se avèk lafwa Kris la te fè zansèt nou yo wè l lè l te fin leve nan pami mò yo; li pa t fè yo wè l jistan yo te gen lafwa nan li; se poutèt sa, li te nesèsè

20a GE Jij, jijman.

21a Etè 13:20–21.

23a Etè 1:6; 15:33–34.

12 1a Etè 13:13–31.

2a GE Etè.

b Jer. 20:9;

Enòs 1:26;

Alma 43:1.

3a D&A 112:5.

b Etè 11:12, 20–22.

c GE Lafwa.

4a GE Esperans.

b Ebre 6:19.

c 1 Kor. 15:58.

d 3 Ne. 12:16.

6a Ebre 11:1.

b Wom. 8:24–25.

c Alma 32:21.

d 3 Ne. 26:11;

D&A 105:19; 121:7–8.

pou kèk moun te gen lafwa nan li, paske, li pa t fè mond lan wè l.

8 Men, poutèt lafwa lèzòm, li te fè mond lan wè l, li te glori-fye non Papa a, epi li te pare yon mwayen pou lòt moun kapab pataje don ki sòti nan syèl la, pou yo kapab espere bagay yo pa wè.

9 Se poutèt sa, ou kapab espere pataje don an, si sèlman ou gen lafwa.

10 Se te avèk lafwa moun lon-tan yo te resevwa “apèl daprè lòd Bondye.

11 Se avèk lafwa yo te resevwa lafwa Moyiz la. Men, Bondye te pare yon chemen “san parèy nan Pitit Gason li a; epi se te avèk lafwa li te akonpli.

12 Paske, si pa gen “lafwa nan pami pitit lèzòm, Bondye pa kapab fè ^bmirak nan pami yo; se poutèt sa li te fè yo wè l apre yo te fin gen lafwa.

13 Se te lafwa Alma ak Amilèk ki te fè “prizon an tonbe atè.

14 Se te lafwa Nefi ak Leyi ki te fè “chanjman sa a desann sou Lamanit yo, pou yo te batize avèk dife, epi avèk ^bSentespri a.

15 Se te lafwa “Amon ak frè l yo ki te ^bpote gran kalite chanjman sa a nan pami Lamanit yo.

16 Wi, tout moun ki fè “mirak

yo fè yo avèk ^blafwa, menm moun ki te anvan Kris la ak moun ki te vini apre l yo.

17 Se te avèk lafwa twa disip yo te resevwa pwomès pou yo “pa t goute lanmò; epi yo pa t resevwa pwomès la jistan yo te gen lafwa.

18 Ni tou, nan okenn tan, okenn moun pa fè mirak jistan yo te gen lafwa; se poutèt sa, yo kwè nan Pitit Gason Bondye a anvan.

19 Epi te gen anpil moun, lafwa yo te tèlman fò, menm “anvan Kris la te vini, yo pa t kapab rete dèyè ^bvwal la, men, reyèlman yo te wè avèk je yo, bagay yo te kontanple avèk je lafwa yo, epi yo te kontan.

20 Nou te wè nan rejis sa a, youn ladan yo te frè Jarèd la; lafwa l te tèlman gran nan Bondye, lè Bondye te lonje “dwèt li a, li pa t kapab kache l devan frè Jarèd la, poutèt pawòl li te pale l la, pawòl sa a li te resevwa l avèk lafwa.

21 Epi, lè frè Jarèd la te fin wè dwèt Senyè a poutèt “pwomès frè Jarèd la te resevwa avèk lafwa, Senyè a pa t kapab kache anyen devan l; se poutèt sa, li te montre l tout bagay, paske li pa t kapab rete dèyè ^bvwal la ankò.

10a Alma 13:3–4.
GE Aple, Bondye
te aple, apèl.

11a 1 Kor. 12:31.

12a 2 Ne. 27:23;
Mozya 8:18;
Mowo. 7:37;
D&A 35:8–11.

b Mat. 13:58;
Mòm. 9:20.

13a Alma 14:26–29.

14a Ela. 5:50–52.

b Ela. 5:45;
3 Ne. 9:20.

15a Alma 17:29–39.

b svd tankou sa te di
nan Alma 17–26.

16a GE Mirak.

b Ebre 11:7–40.

17a 3 Ne. 28:7;
Mòm. 8:10–12.

19a 2 Ne. 11:1–4;

Jakòb 4:4–5;

Jawòm 1:11;
Alma 25:15–16.

b Etè 3:6.

GE Vwal.

20a Etè 3:4.

21a Etè 3:25–26.

b Etè 3:20;
D&A 67:10–13.

22 Epi, se te avèk lafwa zansèt mwen yo te resevwa “pwo-mès bagay sa yo ap soti nan men Janti yo pou yo vin jwenn frè zansèt nou yo; se poutèt sa, Senyè a te kòmande m, wi, Jezi-kri menm.

23 Epi m te di l: Senyè a, Janti yo pral moke bagay sa yo poutèt “feblès nou nan ekri; paske, Senyè a, ou te fè nou fò nan pale ak lafwa, men ou pa t fè nou ^bfò nan ekri; paske, ou te fè tout pèp sa a kapab pale anpil poutèt Sentepri a w te ba yo;

24 Ou te fè nou kapab ekri yon ti kras poutèt men nou ki mala-dwat. Men, ou pa t fè nou fò nan “ekri tankou frè Jarèd la, paske ou te fè l pou bagay li ekri yo kapab gran menm jan avèk ou, pou yo kapab pouse moun pou li yo.

25 Ou te fè pawòl nou yo gen pouvwa epi ou te fè yo gwo tou, jistan nou pa kapab ekri yo; se poutèt sa, lè nou ekri, nou wè feblès nou, epi nou kilbite poutèt pozisyon pawòl nou yo; epi m pè pou Janti yo pa “moke pawòl nou yo.

26 Epi, lè m te fin di bagay sa a, Senyè a te pale avèk mwen, li te di: Moun sòt “moke, men yo gen pou yo kriye; epi lagras mwen ase pou moun ki dou yo, paske yo p ap pran avantaj sou feblès ou;

27 Epi, si lèzòm vin jwenn mwen, m ap montre yo “feblès yo. M ^bbay lèzòm feblès pou yo kapab gen imilite; epi ^clagras mwen ase pou tout moun ki gen ^dimilite devan m; paske, si yo gen imilite devan m, epi yo gen lafwa nan mwen, lè sa a m ap fè bagay ki ^efèb vin fò pou yo.

28 M ap montre Janti yo feblès yo, epi m ap montre yo “lafwa, esperans, ak charite moun menmen ban mwen—mwen menm ki se fontèn tout lajistis.

29 Epi, mwen menm Mowoni, lè m te tande pawòl sa yo, m te jwen rekonfò, epi m te di: O, Senyè, lajistis ou pral fèt, paske m konnen ou travay avèk lèzòm dapre lafwa yo;

30 Paske, frè Jarèd la te di montay Zerim nan, “deplase—Epi li te deplase. Epi, si l pa t gen lafwa, montay la pa t ap deplase; se poutèt sa, ou aji apre lèzòm fin gen lafwa.

31 Paske, se konsa ou te fè disip ou yo wè w; paske, apre yo te fin gen “lafwa, epi yo te pale nan non w, ou te fè yo wè w avèk gwo pouvwa.

32 Epi tou, m sonje w te di konsa ou te pare yon plas pou lòm, wi, menm nan pami pakèt “kay Papa w yo, kote lòm kapab gen yon ^besperans san parèy; se poutèt sa, lòm dwe gen

22a Enòs 1:13.
23a Mòm. 8:17; 9:33.
b 2 Ne. 33:1.
24a GE Langaj.
25a 1 Kor. 2:14.
26a Gal. 6:7.
27a Jakòb 4:7.
b Egz. 4:11;
1 Kor. 1:27.

c GE Gras.
d Lik 18:10-14;
D&A 1:28.
GE Enb, imilite.
e Lik 9:46-48;
2 Kor. 12:9.
28a 1 Kor. 13;
Mowo. 7:39-47.
30a Mat. 17:20;

Jakòb 4:6;
Ela. 10:6, 9.
GE Pouvwa.
31a GE Lafwa.
32a Jan 14:2;
Enòs 1:27;
D&A 72:4; 98:18.
b GE Esperans.

esperans; oubyen li pa kapab resevwa yon eritaj nan plas ou te pare a.

33 Epi tou, m sonje w te di konsa w te tèlman ^arenmen mond lan, ou te bay lavi w pou mond lan, pou w ta kapab pran lavi w ankò, pou pare yon plas pou pitit lèzòm yo.

34 Epi kounyeya, m konnen ^aamou sa a w te genyen pou pitit lèzòm yo se charite; se poutèt sa, si lèzòm pa gen charite yo pa p kapab eritye plas sa a w te pare nan kay papa w la.

35 Se poutèt sa, m konnen dapre sa w te di, si Janti yo pa gen charite poutèt feblès nou, w ap teste yo, epi w ap pran ^atalans yo genyen yo; wi, w ap pran sa yo te resevwa a, epi w ap bay yo moun ki gen plis an abondans la yo.

36 Epi, se te konsa, m te priye Senyè a pou l fè Janti yo ^alagras pou yo kapab gen charite.

37 Epi, se te konsa, Senyè a te di m: Si yo pa gen charite, sa p ap deranje w. Ou te fidèl; se poutèt sa, wòb ou pral vin ^apwòp. Epi, poutèt ou te wè ^bfeblès ou, w ap vin tèlman fò, ou pral chita nan plas m te pare nan kay papa m nan.

38 Kounyeya, mwen menm Mowoni, m di Janti yo orevwa; wi, frè m yo tou mwen renmen anpil la, jistan nou rankontre bò fotèy ^ajijman Kris la, kote tout

moun pral konnen ^brad mwen pa tache avèk san w.

39 Lè sa a, w ap konnen m te ^awè Jezi, epi li te pale avèk mwen ^bfasafas, li te pale m konsènan bagay sa yo avèk yon imilite senp, menm jan yon nonm t ap pale avèk yon lòt nan langaj pa mwen.

40 M sèlman ekri yon ti kras ladan yo poutèt feblès mwen nan ekriti.

41 Kounyeya, m kòmande w pou w ^achèche Jezi sa a ke pwofèt ak apot yo te pale a, pou lagras Papa Bondye, ak Senyè a Jezikri, ak Sentespri a ki bay ^btemwayaj konsènan yo a kapab avèk ou, epi pou l rete avèk ou pou tout tan.

CHAPIT 13

Etè pale konsènan yon Nouvo Jerizalèm desandan Jozèf yo pral konstwi nan Amerik la—Li pwofètize, yo chase l, li ekri istwa Jaredit yo, epi li predi destriksyon Jaredit yo—Lagè fè raj nan tout peyi a.

KOUNYEYA, mwen menm Mowoni, m ap kontinye pou m fini istwa destriksyon pèp m te pale a.

2 Yo te rejte tout pawòl Etè yo; paske, li te reyèlman pale yo konsènan tout bagay, depi nan kòmansman lèzòm; epi apre dlo yo te fin ^aseche sou sifas peyi sa

33a Jan 3:16–17.

34a Mowo. 7:47.

GE Charite;

Lanmou, renmen.

35a Mat. 25:14–30.

GE Don; Talan.

36a GE Gras.

37a D&A 38:42;

88:74–75; 135:4–5.

b Etè 12:27.

38a GE Jezikri—Jij.

b Jakòb 1:19.

39a GE Jezikri—Aparisyon Kris la apre lanmò l.

b Jen. 32:30;

Egz. 33:11.

41a D&A 88:63;

101:38.

b 3 Ne. 11:32.

13 2a Jen. 7:11–24; 8:3.

a, li te vin tounen yon tè pi bon pase tout lòt tè, yon tè Senyè a te chwazi; se poutèt sa, Senyè a ta vle tout moun ki rete sou tè sa a ^bsèvi l;

3 Se te plas ^aNouvo Jerizalèm nan, ki gen pou l ^bdesann soti anlè nan syèl, epi se kay adorasyon sen Senyè a.

4 Etè te wè jou Kris la, epi li te pale konsènan yon ^aNouvo Jerizalèm nan peyi sa a.

5 Epi tou, li te pale konsènan kay Izrayèl la ak ^aJerizalèm kote ^bLeyi te soti a—Lè l te fin detwi, l ap rekonstwi ankò, yon ^cvil sen pou Senyè a; se poutèt sa se pa ta kapab yon nouvo Jerizalèm paske li te konstwi nan tan lontan; men li gen pou l konstwi ankò, epi l ap tounen yon vil sen pou Senyè a, epi l ap konstwi pou kay Izrayèl la—

6 Yon ^aNouvo Jerizalèm gen pou l konstwi nan peyi sa a, pou rès desandan ^bJozèf yo, menm jan te genyen yon ^cresanblans pou sa.

7 Menm jan Jozèf te mennen papa l desann nan peyi ^aEjip, kote l te mouri a, se konsa Senyè a te mennen kèk desandan Jozèf soti nan peyi Jerizalèm, pou l kapab gen mizèrikòd pou desandan Jozèf yo pou yo

^bpa peri, menm jan li te gen mizèrikòd pou Papa Jozèf la pou l pa t peri a.

8 Se poutèt sa, rès kay Jozèf la pral konstwi nan ^apeyi sa a, epi se pral yon peyi pou eritaj yo; yo pral konstwi yon vil sen nan Senyè a menm jan avèk Jerizalèm ansyen an; epi yo ^bp ap janm konfonn ankò jistan lafen vini, lè tè a pase.

9 Pral gen yon ^anouvo syèl ak yon nouvo tè; yo pral tankou ansyen an, eksepte ansyen an pral pase epi tout bagay vin nouvo.

10 Lè sa a Nouvo Jerizalèm nan pral vini; moun ki rete ladan yo pral beni, paske se rad moun sa yo ki vin ^ablanchi pa mwayen san Ti Mouton an; epi se yo menm ki fè pati nan rès desandan Jozèf yo, ki te soti nan kay Izrayèl la.

11 Lè sa a, Jerizalèm ansyen an pral vini tou; moun ki rete ladan yo beni, paske yo te lave nan san Ti Mouton an; se yo menm ki te gaye a, epi ki te ^arasanble nan kat kwen tè a, ak nan peyi ^bnò yo, epi yo fè pati nan akonplisman alyans Bondye te fè avèk ^cAbraram yo, papa yo a.

12 Lè bagay sa yo rive, ekriti sa a ap akonpli ki te di konsa, te genyen ki te ^apremye k ap vin

2^b Etè 2:8.

3^a 3 Ne. 20:22; 21:23–24.
GE Nouvo Jerizalèm.

^b Apok. 3:12; 21:2.

4^a GE Siyon.

5^a GE Jerizalèm.

^b 1 Ne. 1:18–20.

^c Apok. 21:10;
3 Ne. 20:29–36.

6^a D&A 42:9; 45:66–67;
84:2–5;
AL 1:10.

^b GE Jozèf, pitit gason Jakòb.

^c Alma 46:24.

GE Senbòl.

7^a Jen. 46:2–7; 47:6.

^b 2 Ne. 3:5.

8^a GE Tè pwomiz.

^b Mowo. 10:31.

9^a 2 Pyè 3:10–13;

Apok. 21:1;

3 Ne. 26:3;

D&A 101:23–25.

10^a Apok. 7:14;

1 Ne. 12:10–11;

Alma 5:27.

11^a GE Izrayèl—
Rasanbleman
Izrayèl la.

^b D&A 133:26–35.

^c GE Alyans Abraram.

12^a Mak 10:31;

1 Ne. 13:42;

Jakòb 5:63;

D&A 90:9.

dènye, epi te genyen ki te dènye k ap vin premye.

13 Epi, m ta pral ekri plis bagay, men, m te entèdi; pwofesi Etè yo te gran epi yo te bèl anpil; men, yo pa t pran l pou anyen, epi yo te chase l, li t al kache nan yon twou wòch lajounen, epi nan nuit li te soti pou l wè bagay ki te gen pou rive pèp la.

14 Epi, pandan l te rete nan yon tou wòch, li te ekri rès rejis sa a, pandan l t ap gade destriksyon ki te vini sou pèp la nan nuit.

15 Epi, se te konsa, nan menm ane yo te chase l nan pami pèp la, te kòmanse gen yon gwo lagè nan pami pèp la, paske te gen yon pakèt nonm fò ki te leve pou yo detwi Koryantoumr avèk plan sekre mechanste m t ap pale yo.

16 Koryantoumr pou tèt pa l, li te etidye plan lagè ak tout mètdam mond lan, se poutèt sa, li te goumen avèk moun ki t ap chèche detwi l yo.

17 Men, li pa t repanti; ni bèl pitit gason l yo, ak bèl pitit fi l yo; ni bèl pitit gason ak pitit fi Koyò yo; ni bèl pitit gason ak pitit fi Kòriyò yo; pou m fini, pa t gen yo youn nan bèl pitit gason ak pitit fi yo sou tout sifas tè a ki te repanti nan peche yo.

18 Se poutèt sa, se te konsa, nan premye ane Etè t al kache nan tou wòch la, te gen anpil moun ki te mouri anba epe "kombinezon ansekrè yo, ki t ap goumen avèk Koryantoumr pou yo kapab pran wayòm nan.

19 Epi, se te konsa, pitit gason

Koryantoumr yo te goumen anpil, epi yo te blese anpil.

20 Epi, nan dezyèm ane a, pa-wòl Senyè a te vin jwenn Etè, pou l al pwofetize bay "Koryantoumr, pou l fè l konnen, si l repanti ak tout moun lakay li yo, Senyè a ap ba li wayòm nan, epi l ap epaye pèp la—

21 Si se pa sa, y ap detwi, ak tout moun lakay li tou, eksepte li menm. Epi l ap viv sèlman pou l wè akonplisman pwofesi ki te pale konsènan yon "lèt pèp k ap resevwa peyi a kòm eritaj; se yo k ap antere Koryantoumr, epi tout nanm gen pou yo detwi eksepte "Koryantoumr.

22 Epi, se te konsa, Koryantoumr pa t repanti, ni moun lakay li, ni pèp la; lagè yo pa t sispann; epi yo te chèche touye Etè; men, li te kouri devan yo, epi li te kache nan twou wòch la ankò.

23 Epi, se te konsa, Charèd te leve, epi tou li te goumen avèk Koryantoumr, li te tèlman bat li, nan twazyèm ane a, li te mennen l nan kaptivite.

24 Nan katriyèm ane a, pitit gason Koryantoumr yo te bat Charèd, epi yo te pran wayòm nan bay papa yo ankò.

25 Kounyeya, te kòmanse gen yon lagè nan tout peyi a, chak gason avèk gwoup pa l t ap goumen pou sa l te vle.

26 Te gen vòlè, pou m fini, te gen tout kalite mechanste sou tout sifas peyi a.

27 Epi, se te konsa, Koryantoumr te fache anpil kont

18a Etè 8:9–26.

20a Etè 12:1–2.

21a Omni 1:19–21;

Etè 11:21.

b Etè 15:29–32.

Charèd, li t ale kont li avèk lame li a pou l goumen avèk li; yo te rankontre avèk gwo kòlè, yo te rankontre nan vale Gilgal la; batay la te vin rèd anpil.

28 Epi, se te konsa, Charèd te goumen avèk li pou twa jou. Koryantoumr te bat li, epi Koryantoumr te suiv li jistan li te rive nan plèn Èchlou yo.

29 Epi, se te konsa, Charèd te goumen avèk li nan plèn yo; epi Koryantoumr te pouse l tounen ankò nan vale Gilgal la.

30 Koryantoumr te goumen avèk Charèd ankò nan vale Gilgal la; nan batay la, li te bat Charèd epi li te touye l.

31 Epi, Charèd te blese Koryantoumr nan tay li, epi Koryantoumr pa t al goumen ankò pou dezan. Pandan tan sa a, tout moun nan peyi a t ap fè san koule, epi pa t gen pèsonn pou rete yo.

CHAPIT 14

Inikite pèp la mennen yon malediksyon nan peyi a—Koryantoumr angaje lagè kont Galaad, epi kont Lib, epi kont Chiz—San ak masak kouvri peyi a.

KOUNYEYA, te kòmanse gen yon gwo “malediksyon nan tout peyi a akoz inikite pèp la, ki fè, si yon nonm ta depoze zouti l oubyen epe l sou etajè l, oubyen nenpòt kote li ta kite l, nan demen, li pa t kapab jwenn li, tèlman malediksyon nan peyi a te fò.

2 Se poutèt sa chak moun te sere sa ki te pou yo anba men

yo, epi yo pa t vle prete nan men lòt moun, ni tou yo pa t vle prete lòt moun zafè pa yo; epi chak moun te kenbe manch epe yo nan men dwat yo, pou yo defann zafè yo, lavi yo, lavi madanm yo ak lavi pitit yo.

3 Apre dezan te fin pase, epi apre lanmò Charèd, frè Charèd la te leve, li te goumen avèk Koryantoumr; nan batay la, Koryantoumr te bat li, epi li te kouri dèyè l nan dezè Akich la.

4 Epi, se te konsa, frè Charèd la goumen avèk li nan dezè Akich la, batay la te move anpil, epi anpil milye moun te tonbe anba epe.

5 Epi, se te konsa, Koryantoumr te anvayi dezè a; frè Charèd la te soti nan nuit, epi li te touye yon pati nan lame Koryantoumr nan pandan yo te sou.

6 Li t ale nan peyi Mowon an, epi li te chita nan twòn Koryantoumr nan.

7 Epi, se te konsa, Koryantoumr te rete nan dezè a avèk lame li a pou dezan, pandan dezan sa a, lame li a te pran anpil fòs.

8 Frè Charèd la ki te rele Galaad, te jwenn anpil fòs pou lame li a tou anba konbinezon sekrè.

9 Epi, se te konsa, gran prèt li a te touye l pandan l te chita nan twòn li a.

10 Epi, se te konsa, yon moun nan konbinezon sekrè li yo touye l nan yon pasaj sekrè, epi li pran wayòm nan pou tèt pa l; li te rele Lib; epi Lib te yon gwo

nonm, li te pi gwo pase tout moun nan pèp la.

11 Epi, se te konsa, nan premye ane Lib la, Koryantoumr te monte nan peyi Mowon an, epi li te batay avèk lib.

12 Epi, se te konsa, li te goumen avèk Lib; nan batay la, Lib te frape l nan ponyèt, epi l te blese; men, lame Koryantoumr nan te mache an-avan sou Lib, epi Lib te kouri al nan fwontyè bò rivaj lanmè a.

13 Epi, se te konsa, Koryantoumr te kouri dèyè l, epi Lib te goumen avèk li bò rivaj lanmè a.

14 Epi, se te konsa, Lib te bat lame Koryantoumr nan, epi yo te kouri al nan dezè Akich la.

15 Epi, se te konsa, Lib te kouri dèyè l jistan l te rive nan plèn Agoch la. Koryantoumr te pran tout pèp la avèk li pandan l t ap kouri devan Lib nan zòn li t ap kouri a.

16 Lè l t ale nan plèn Agoch la, li te goumen avèk Lib, li te bat Lib jistan Lib te mouri; men, frè Lib la te vini kont Koryantoumr menm kote a, epi batay la te vin move anpil; epi Koryantoumr te kouri ankò devan lame frè Lib la.

17 Frè Lib la te rele Chiz. Epi, se te konsa, Chiz te kouri dèyè Koryantoumr, li te pran anpil vil, li te touye ni fi, ak timoun yo, epi li te boule vil yo.

18 Tout moun nan peyi a te pè Chiz; wi, tout moun nan peyi a t ap pale pawòl la—Kiyès ki kapab kanpe devan lame Chiz la? Li bale tè a devan l!

19 Epi, se te konsa, pèp la te kòmanse fè pil pou mete ansanm avèk lame Chiz yo nan tout peyi a.

20 Yo te divize; yon pati ladan yo te kouri al jwenn lame Chiz la, epi yon pati t al jwenn lame Koryantoumr nan.

21 Lagè a te tèlman gwo, li te tèlman dire lontan, epi sèn piblik san ak masak te tèlman long, tout peyi a te kouvri avèk “kò moun mouri.

22 Lagè a te tèlman fè domaj, epi li te tèlman rapid, pa t gen pèsonn dèyè pou antere mò yo; men, yo te mache nan yon masak youn apre lòt, yo te kite kadav gason, fi ak timoun yo poui sou tè a, pou yo kapab vin tounen nouriti pou “vèmin kò.

23 Epi, sant la te monte nan peyi a, menm nan tout peyi a; se poutèt sa, pèp la te gen pwoblèm lajounen ak nan nuit poutèt sant la.

24 Men, Chiz pa t sispan suiv Koryantoumr; paske li te fè sèman pou l vanje san frè l la ki te mouri a sou Koryantoumr, epi pawòl Senyè a te fè Etè konnen Koryantoumr pa t ap mouri anba epe.

25 Konsa, nou wè Senyè a te vizite yo nan totalite kòlè li, epi mechanste yo ak abominasyon yo te pare yon chemen pou destriksyon etènèl yo.

26 Èpi, se te konsa, Chiz te suiv Koryantoumr nan direksyon lès, jouk nan fwontyè bò rivaj lanmè a, epi li goumen kote sa a avèk Chiz pou twa jou.

27 Destriksyon nan lame Chiz la te tèlman terib, pèp la te kòmanse pè, epi yo te kòmanse kouri devan lame Koryantoumr nan; yo te kouri al nan peyi Kòriyò a, epi yo te bale pèp la devan yo, tout moun ki pa t vle mete ansanm avèk yo.

28 Yo te plante tant yo nan vale Kòriyò a, epi Koryantoumr te plante tant li nan vale ki te rele Chour la. Vale Chour la te bò kote kolin Komnò a; se poutèt sa, Koryantoumr te rasanble lame l yo sou tèt kolin Komnò a, epi li te sonnen yon twonpèt pou l kapab envite lame Chiz yo vin goumen.

29 Epi, se te konsa, lame Chiz yo te vini, epi lame Koryantoumr yo te bat yo ankò; yo te vini dezyèm lafwa a, epi yo te bat yo ankò yon dezyèm lafwa. Epi, se te konsa, yo te vini yon twazyèm lafwa, epi batay la te vin move anpil.

30 Epi, se te konsa, Chiz te frape Koryantoumr, li te blese l anpil; paske Koryantoumr te pèdi san, li te pèdi konesans, epi yo pote l ale kòm si li te mouri.

31 Te tèlman gen gason, fi ak timoun ki te mouri, Chiz te kòmande lame li a pou yo pa t suiv lame Koryantoumr yo ankò; se poutèt sa yo te retounen nan kan pa yo.

CHAPIT 15

Anpil milyon Jaredit mouri nan batay la—Chiz ak Koryantoumr rasanble tout pèp la pou yo mouri

nan batay—Lespri Senyè a sispann lite avèk lèzòm—Nasyon Jaredit la detwi nèt—Koryantoumr sèlman rete.

EPI, se te konsa, lè blese Koryantoumr yo te geri, li te kòmanse sonje “pawòl Etè te di l yo.

2 Li te wè prèske de milyon moun nan pami pèp li a pase anba epe; epi li te kòmanse regrèt nan kè l; wi de milyon gason fò te mouri avèk madanm yo epi avèk pitit yo.

3 Li te kòmanse repanti nan peche l yo; li te kòmanse sonje pawòl ki te sotri nan bouch tout pwofèt yo, epi li te wè yo akonpli, san manke mòso; nanm li te lamante, epi li te refize rekonfòte.

4 Epi, se te konsa, li te ekri Chiz yon epit; li te vle pou Chiz epaye l, epi li te vle bay wayòm nan pou sove lavi pèp la.

5 Epi, se te konsa, lè Chiz te resevwa epit li a, li te ekri Koryantoumr yon epit, si Koryantoumr te vle livre tèt li pou l touye l avèk epe pa l, l ap epaye pèp la.

6 Epi, se te konsa, pèp la pa t repanti nan inikite yo; epi pèp Koryantoumr nan te leve nan kòlè kont pèp Chiz la; epi pèp Chiz la te leve nan kòlè kont pèp Koryantoumr nan; se poutèt sa, pèp Chiz la te goumen avèk pèp Koryantoumr nan.

7 Epi, lè Koryantoumr te wè li ta pral tonbe, li te kouri ankò devan pèp Chiz la.

8 Epi, se te konsa, li te rive nan dlo Ripliyankòm nan, ki vle di li gran, oubyen li plis pase tout lòt; lè yo te rive bò dlo sa a, yo te plante tant yo, epi Chiz te plante tant li bò kote yo tou, epi nan demen yo te vin goumen.

9 Epi, se te konsa, yo te mare yon batay ki te rèd anpil; nan batay la, Koryantoumr te blese ankò, epi li te pèdi konesans paske li te pèdi san.

10 Epi, se te konsa, lame Koryantoumr yo te mache an-avan sou lame Chiz yo; lame Koryantoumr yo te bat yo, epi yo te kouri devan yo; yo te kouri al nan sid, epi yo te plante tant yo yon kote ki te rele Ogat.

11 Epi, se te konsa, lame Koryantoumr yo plante tant yo bò kolin Rama a; epi se te nan menm kolin kote papa m, Mòmmon te “kache rejis sakre yo nan Senyè a.

12 Epi, se te konsa, yo te rasanble ansanm, tout moun ki pa t mouri nan tout peyi a, eksepte Etè.

13 Epi, se te konsa, Etè te wè tout zak pèp la; li te wè moun ki te pou Koryantoumr yo rasanble nan lame Koryantoumr, epi moun yo ki te pou Chiz te rasanble ansanm nan lame Chiz.

14 Yo te rasanble pèp la pandan katran, pou yo te kapab mete tout moun ki te nan peyi a ansanm, epi pou yo te kapab resevwa tout fòs ki ta posib pou yo resevwa.

15 Epi, se te konsa, lè yo tout te rasanble ansanm, chak moun

nan lame li te vle a, avèk madanm yo epi avèk pitit yo—ni gason, ni fi, ak timoun te pote zam pou lagè, yo te gen boukliye, “kiras, ak kas, yo te gen inifòm pou lagè—yo te mache yonn kont lòt pou yo goumen; yo te goumen tout jou sa a, epi yo pa t gen viktwa.

16 Epi, se te konsa, lè l te nan nuit, yo te fatige, epi yo te antre nan kan yo; lè yo te fin antre nan kan yo, yo te tèlman rele, plenyen, lè a te gwonde anpil.

17 Epi, se te konsa, nan demen, yo ta l batay ankò, jou sa a te gran, epi li te terib; men, yo pa t gen viktwa, epi lè l te nan nuit ankò, yo te souke lè a avèk kriye, avèk plenyen epi avèk lamantasyon poutèt moun ki te mouri yo.

18 Epi, se te konsa, Koryantoumr te ekri Chiz yon lèt ankò, li te mande l pou l pa t vin batay ankò, men pou l pran wayòm nan, epi pou l epaye lavi pèp la.

19 Men, Lespri Senyè a te sispann lite avèk yo, epi “Satan te gen pouvwa total sou kè pèp la; paske, yo te lage kò yo nan kè di, yo te fè panse yo avèg pou yo te kapab detwi; se poutèt sa yo t al goumen ankò.

20 Epi, se te konsa, yo te goumen tout jou sa a, epi lè l te nan nuit, yo te kouche sou epe yo.

21 Epi, nan demen, yo te goumen jistan l te nan nuit.

22 Lè l te nan nuit, yo te “soule anba kòlè, tankou yon nonm ki te soule anba diven; epi yo te kouche sou epe yo ankò.

11a Mòm. 6:6.
15a Mozya 8:7–10.

19a GE Dyab.
22a Mowo. 9:23.

23 Nan demen, yo te goumen ankò, epi lè l te nan nuit, yo tout te tonbe anba epe, eksepte senkant-de nan pèp Koryantoumr nan ak swasant-nèf nan pèp Chiz la.

24 Epi, se te konsa, yo te kouche sou epe yo nan nuit sa a, epi nan demen, yo te goumen ankò, epi yo goumen avèk fòs, avèk epe yo epi avèk boukliye yo tout jou sa a.

25 Lè l te nan nuit, te gen trann-de nan pèp Chiz la ak vennsèt nan pèp Koryantoumr nan.

26 Epi, se te konsa, yo te manje, epi yo te kouche, epi yo te pare pou lanmò demen. Yo te gwo moun plen fòs, daprè fòs lèzòm.

27 Epi, se te konsa, yo te goumen pou twa zè, epi yo te endispoze paske yo te pèdi san.

28 Epi, se te konsa, lè moun pa Koryantoumr yo te gen ase fòs pou yo mache, yo ta pral kouri pou yo sove lavi yo; men, Chiz te leve avèk moun li yo, epi li te fè sèman avèk kòlè pou l touye Koryantoumr oubyen pou l peri anba epe.

29 Se poutèt sa, li te suiv yo, epi nan demen li te jwenn yo, epi yo te goumen ankò avèk epe. Epi, se te konsa, lè yo “tout te fin tonbe anba epe, eksepte Koryantoumr ak Chiz, Chiz te endispoze paske l te pèdi san.

30 Epi, se te konsa, lè Koryantoumr te fin apiye sou epe l pou l pran yon ti repo, li te koupe tèt Chiz.

31 Epi, se te konsa, lè l te fin koupe tèt Chiz, Chiz te leve sou de men l, epi l te tonbe; epi lè l te fin fòse pou l respire, li te mouri.

32 Epi, se te konsa, “Koryantoumr te tonbe atè, epi li te vin kòm si l te san lavi.

33 Epi Senyè a te pale avèk Etè, epi li te di l: ale; li t ale epi li te wè pawòl Senyè a yo te akonpli; li fini “istwa li a; (epi m pa ekri yon santyèm pati ladan l) epi li te sere yo jan pèp Limi an te jwenn yo a.

34 Men dènye pawòl “Etè te ekri: Menm si Senyè a vle transfòmè kò m, oubyen si l vle m fè volonte l nan kò fizik sa a, sa p ap deranje m, depi m sove nan wayòm Bondye a. Amèn.

LIV MOWONI AN

CHAPIT 1

Mowoni ekri nan enterè Lamanit yo—Nefit ki pa vle nye Kris la yo, pase anba lanmò. Anviwon 401–421 APRE JEZIKRI.

KOUNYEYA, mwen menm “Mowoni, lè m te fin fè rezime istwa pèp Jarèd la, m te panse m pa ta p ekri plis, men, m poko peri; e m pa kite Lamanit yo konnen m pou yo pa detwi m.

29a Etè 13:20–21.
32a Omni 1:20–22.
33a Mozya 8:9;

Alma 37:21–31;
Etè 1:1–5.
34a Etè 12:2.

[MOWONI]
1 1a GE Mowoni, pitit
gason Mòmmon.

2 Paske gade, "lagè yo ferès anpil nan pami yo; e poutèt rayiman yo, yo ^btouye tout Nefit ki pa t vle nye Kris la.

3 Epi mwen menm, Mowoni, m p ap "nye Kris la; se poutèt sa, m ap pwomennen tout kote pou pwoteksyon lavi pa m.

4 Konsa, m ekri kèk lòt bagay, kontrèman avèk jan m te panse a; paske m pa t sipoze m t ap ekri plis; men, m ekri kèk bagay anplis, pou, petèt, yo kapab gen valè pou frè m yo, Lamanit yo, nan jou k ap vini yo, dapre volonte Senyè a.

CHAPIT 2

Jezi te bay douz disip Nefit yo pouvwa pou yo kapab konfere don Sentespri a. Anviwon 401-421 APRE JEZIKRI.

PAWÒL Kris la te di "disip li yo, douz apot li te chwazi yo, pandan li te poze men l yo sou yo—

2 Epi li te site non yo, li te di: Nou dwe envoke Papa a nan non m, nan gwo priyè; e lè nou fin fè sa, n ap gen "pouvwa, konsa, lè nou poze ^bmen nou yo sou tèt yon moun, 'n ap ba li Sentespri a; e n ap bay li nan non m; paske se konsa apot mwen yo fè.

3 Kris la te di yo pawòl sa yo premye fwa li te parèt la; e foul la pa t tandè sa, men disip yo te

tandè sa; e, sou tout moun yo te "poze men yo, Sentespri a te desann.

CHAPIT 3

Ansyen yo òdone prèt ak enstriktè pa enpozisyon demen yo. Anviwon 401-421 APRE JEZIKRI.

FASON disip yo ki te pote non "ansyen yo nan legliz la te ^bòdone prèt yo ak enstriktè yo—

2 Lè yo te fin priye Papa a nan non Kris la, yo te poze men yo sou tèt yo, e yo te di:

3 Nan non Jezikri, m òdone w pou w kapab vin yon prèt (oubyen si se yon enstriktè, m òdone w pou w kapab vin yon enstriktè) pou preche repantans ak "remisyon peche nan Jezikri, ak pèseverans nan lafwa, nan non li, jiska lafen. Amèn.

4 Epi se konsa yo te "òdone prèt ak enstriktè, dapre ^bdon ak apèl Bondye te fè lèzòm; e yo te òdone yo avèk "pouvwa Sentespri a ki te nan yo.

CHAPIT 4

Kòman ansyen yo ak prèt yo administrè pen sentsèn nan. Anviwon 401-421 APRE JEZIKRI.

"FASON ^bansyen yo ak prèt yo administrè kò ak san Kris la bay legliz la; e yo te "administrè l dapre kòmandman Kris la; se

2a 1 Ne. 12:20-23.

b Alma 45:14.

3a Mat. 10:32-33;

3 Ne. 29:5.

2 1a 3 Ne. 13:25.

2a GE Pouvwa.

b GE Men,

Enpozisyon.

c 3 Ne. 18:37.

3a Tra. 19:6.

3 1a Alma 6:1.

GE Ansyen, Èldè.

b GE Òdinasyon, òdone.

3a GE Remisyon peche yo.

4a D&A 18:32; 20:60.

b GE Don.

c 1 Ne. 13:37;

Mowo. 6:9.

4 1a 3 Ne. 18:1-7.

b GE Ansyen, Èldè.

c D&A 20:76-77.

poutèt sa nou konnen se vrè fason an; e ansyen an oubyen prèt la te administre l—

2 Yo te mete ajenou avèk manm legliz yo, e yo te priye Papa a nan non Kris la, yo te di:

3 O Bondye, Papa Etènèl la, nou mande w, nan non Pitit Gason w lan, Jezikri, pou ou beni ak sanktifye “pen sa a pou nanm tout moun ki pran ladan l, pou yo kapab manje nan ^bmemwa kò Pitit Gason w lan, epi pou yo rann ou temwayaj, O Bondye, Papa Etènèl la, ke yo vle pote ‘non Pitit Gason w lan sou yo, pou yo toujou sonje l, epi pou yo respekte kòmandman l yo ke li te ba yo, pou yo kapab toujou gen “Lespri l avèk yo. Amèn.

CHAPIT 5

Fason pou administre diven sakreman an tabli. Anviwon 401-421 APRE JEZIKRI.

“FASON pou administre diven an—gade, yo te pran vè a, e yo te di:

2 O Bondye, Papa Etènèl la, nou mande w, nan non Pitit Gason w lan, Jezikri, pou ou beni ak sanktifye “diven sa a pou nanm tout moun ki bwè ladan l, pou yo kapab fè sa nan ^bmemwa san Pitit Gason w lan, ki te koule pou yo; pou yo kapab

rann ou temwayaj, O Bondye, Papa Etènèl la, ke yo toujou sonje l, pou yo kapab gen Lespri l avèk yo. Amèn.

CHAPIT 6

Moun repanti yo batize epi yo entegre—Manm legliz ki repanti yo resevwa padon—Rejinyon Sentespri a dirije pa yo. Anviwon 401-421 APRE JEZIKRI.

EPI kounyeya, m ap pale konsènan “batèm. Gade ansyen yo, prèt yo, e enstriktè yo te batize; e yo pa t batize san yo pa t pote fwi ki pwouve ^bdiyite yo pou sa.

2 Ni tou yo pa t resevwa pèsonn nan batèm san yo pa t vini avèk yon kè “brize e yon lespri kontri, e san yo pa t temwaye bay legliz la pou fè konnen yo te repanti nan peche yo tout bon.

3 Epi pèsonn pa t kapab batize san yo pa t “pote non Kris la sou tèt yo, avèk yon detèminasyon pou sèvi l jiska lafen.

4 Epi lè yo te fin batize, yo te jwenn akseptasyon, e pouvwa Sentespri a te “lave yo, yo te konte nan pami pèp legliz Kris la; e ^bnon yo te enskri pou legliz la te kapab sonje yo, nourri yo avèk bon pawòl Bondye a, pou kenbe yo nan bon chemen an, pou kenbe yo sou “gad yo nan

3a GE Sentsèn.

b Lik 22:19;

1 Kor. 11:23-24;

3 Ne. 18:7.

c GE Jezikri—Pran non Jezikri avèk nou.

d GE Sentespri.

5 1a 3 Ne. 18:8-11;

D&A 20:78-79.

2a D&A 27:2-4.

GE Sentsèn.

b Lik 22:19-20;

1 Kor. 11:25.

6 1a GE Batèm, batize.

b GE Diy, diyite.

2a GE Kè brize.

3a GE Jezikri—Pran non Jezikri avèk nou.

4a GE Pi, pite.

b D&A 20:82.

c Alma 34:39;

3 Ne. 18:15-18.

priyè pou yo ^adepann sèlman sou merit Kris la, ki te ^ckòmansman ak finisman lafwa yo.

5 Epi ^alegliz la te reyini ansanm ^bsouvan, pou ^cjene ak priye e pou pale yonn ak lòt konsènan byennèt nanm yo.

6 Epi yo te reyini ansanm souvan pou pataje pen ak diven, an memwa Senyè Jezi.

7 Epi yo te pran prekosyon egzat pou ^apa t gen inikite nan pami yo; e nenpòt moun yo te kenbe nan inikite, e si ^btwà temwen nan legliz la te akize yo devan ^cansyen yo, e yo pa t repanti, ^dkonfese, non yo te ^eefase, epi yo pa t konte nan pami pèp Kris la.

8 Men, ^achak fwa yo te repanti, e yo te mande padon avèk sense-rite, yo te ^bpadone yo.

9 Epi legliz la te ^adirije reyinyon yo daprè direksyon Lespri a, e avèk pouvwa ^bSentespri a; paske, jan pouvwa Sentespri a te dirije yo pou yo preche, egzòte, priye, sipliyè oubyen chante, se konsa yo te fè.

CHAPIT 7

Yon envitasyon lanse pou antre nan repo Senyè a—Priye avèk entansyon reyèl—Lespri Kris la fè lèzòm konnen byen ak mal—Satan

pèsyade lèzòm pou yo nye Kris la ak fè mal—Pwofèt yo revele aparisyon Kris la—Avèk lafwa, mirak fèt e zanj yo vin preche—Lèzòm te dwe espere nan lavi etènèl epi yo te dwe gen charite. Anviwon 401–421 APRE JEZIKRI.

EPI kounyeya, mwen Mowoni, m ekri kèk pawòl konsènan Mòmmon, papa m, pawòl li te pale konsènan ^alafwa, esperans ak charite yo; paske se nan fason sa a li te pale pèp la, pandan li t ap preche yo nan sinagòg yo te bati pou yo fè adorasyon an.

2 Epi kounyeya, mwen Mòmmon, m ap pale avèk nou, frè byenneme m yo; e se avèk gras Papa Bondye, ak Senyè Jezikri nou an, e avèk volonte sen li, poutèt ^aapèl li te ban mwen, m gen pèmisyon pou m pale avèk nou kounyeya.

3 Se poutèt sa, m ap pale avèk noumenm ki nan legliz la, noumenm ki se disip pèzib Kris yo, ki te resevwa ase esperans pou nou kapab antre nan ^arepo Senyè a, depi kounyeya jistan nou pral repoze avèk li nan syèl la.

4 Epi kounyeya, frè m yo, m panse bagay sa yo konsènan nou, poutèt jan n ap ^amache pèzib avèk pitit lèzòm.

4d 2 Ne. 31:19;
D&A 3:20.
e Ebre 12:2.
5a GE Legliz Jezikri.
b 3 Ne. 18:22;
4 Ne. 1:12;
D&A 88:76.
c GE Jèn, jene.
7a D&A 20:54.
b D&A 42:80–81.
GE Temwen.

c Alma 6:1.
GE Ansyen, Èldè.
d GE Konfese,
konfesyon.
e Egz. 32:33;
D&A 20:83.
GE Ekskomunikasyon.
8a Mozya 26:30–31.
b GE Padon.
9a D&A 20:45; 46:2.
b GE Sentespri.

7 1a 1 Kor. 13;
Etè 12:3–22, 27–37;
Mowo. 8:14;
10:20–23.
2a GE Aple, Bondye
te aple, apèl.
3a GE Repo.
4a 1 Jn. 2:6;
D&A 19:23.

5 Paske m sonje pawòl Bondye a ki di, se zèv yo k ap fè nou “konnen yo; paske si zèv yo bon, yo bon tou.

6 Paske gade, Bondye te di konsa yon moun “mechan pa kapab fè bagay ki bon; paske si l ofri yon don, oubyen si l ^bpriye Bondye, san l pa fè sa avèk senserite, sa p ap itil li anyen.

7 Paske gade, se pa sa k ap fè l konsidere tankou yon moun ki jis.

8 Paske gade, si yon moun “mechan fè yon don, l ap fè l avèk ^bde kè; se poutèt sa, se kòm si li pa t fè kado a; se poutèt sa, Bondye konsidere l tankou yon mechan.

9 Epi menm jan an tou, yon moun konsidere tankou yon mechan si l priye “san senserite; wi, e sa pa sèvi l anyen, paske Bondye pa aksepte moun konsa.

10 Se poutèt sa, yon moun ki mechan pa kapab fè sa ki bon; ni tou, li pa p bay yon bon kado.

11 Paske reyèlman, yon move “sous pa kapab bay bon dlo; ni tou, yon bon sous pa kapab bay dlo anmè; se poutèt sa, yon moun ki se sèvitè dyab la, li pa kapab suiv Kris la; e si l ^bsuiv Kris la, li pa kapab sèvitè dyab la.

12 Se poutèt sa, tout “bon bagay sòti nan Bondye; e sa ki move sòti nan ^bdyab la; paske dyab la se ènmi Bondye, e l ap goumen avèk li tout tan, li envite e pouse moun nan “peche, epi pou yo fè sa ki mal tout tan.

13 Men gade, sa ki sòti nan men Bondye envite e pouse moun pou yo fè byen tout tan; se poutèt sa, tout bagay ki envite e “pouse moun fè byen, ak renmen Bondye, ak sèvi l, se ^benspirasyon Bondye.

14 Se poutèt sa, fè atansyon, frè byenneme m yo, pou nou pa panse “move bagay sòti nan men Bondye, oubyen pou nou pa panse bon bagay ki sòti nan men Bondye, sòti nan men dyab la.

15 Paske reyèlman, frè m yo, nou gen kapasite pou nou “jije; e fason pou nou konnen an klè, pou nou kapab konnen avèk yon konesans pafè, menm jan limyè lajounen an konpare avèk fènwa nan nuit.

16 Paske gade tout moun gen “Lespri Kris la pou yo kapab ^bkonnen sa ki byen ak sa ki mal; se poutèt sa, m montre nou kòman pou nou jije; paske tout bagay ki envite lèzòm pou yo fè byen, e ki pèsyade yo pou yo kwè nan Kris la, se pouvwa ak

5a 3 Ne. 14:15-20.

6a Mat. 7:15-18.

b Alma 34:28.
GE Priyè.

8a Pwov. 15:8.

b D&A 64:34.

9a Jak 1:6-7; 5:16;
Mowo. 10:4.

11a Jak 3:11-12.

b Mat. 6:24;
2 Ne. 31:10-13;

D&A 56:2.

12a Jak 1:17;

1 Jn. 4:1-2;
Etè 4:12.

b Alma 5:39-42.

c Ela. 6:30.

GE Peche.

13a 2 Ne. 33:4;

Etè 8:26.

b GE Enspirasyon,
enspire.

14a Eza. 5:20;

2 Ne. 15:20.

15a GE Disènman, Don.

16a GE Konsyans;
Limyè, limyè Kris.

b Jen. 3:5;

2 Ne. 2:5, 18, 26;

Mozya 16:3;

Alma 29:5;

Ela. 14:31.

don Kris la ki voye l; se poutèt sa w kapab konnen avèk yon konesans pafè, se nan Bondye li soti.

17 Men, nenpòt bagay ki pèsyade lèzòm pou yo fè “mal, e pou yo pa kwè nan Kris la, epi pou yo nye l, e pou yo pa sèvi Bondye, nou kapab konnen avèk yon konesans pafè se nan men dyab la li soti; paske se konsa dyab la travay, paske li pa pèsyade pèsonn fè byen, non, pa menm yon sèl moun; ni zanj li yo tou; ni moun ki soumèt tèt yo anba l.

18 Epi kounyeya, frè m yo, fè yon jan pou nou konnen avèk ki limyè pou nou jije, limyè sa a se “limyè Kris la, fè yon jan pou nou pa jije mal; paske menm jan nou fè ^bjijman an se konsa tou n ap jije.

19 Se poutèt sa, m priye nou, frè m yo, pou nou kapab chèche avèk dilijans nan “limyè Kris la pou nou kapab konnen byen ak mal; e si nou aksepte tout bagay ki bon, san nou pa kondane l, sètènman, n ap vin tounen ^bpitit Kris la.

20 Epi kounyeya, frè m yo, kòman n ap fè aksepte tout bon bagay?

21 Epi kounyeya, m vini sou zafè lafwa m te di m gen pou m pale a; e m pral di nou kòman pou nou kapab aksepte tout bon bagay.

22 Paske gade, poutèt Bondye “konnen tout bagay depi nan letènite jouk nan letènite, gade, li te voye ^bzanj li yo pou preche pitit lèzòm, pou pale konsènan aparisyon Kris la; e se nan Kris la tout bon bagay pral vini.

23 Epi tou, Bondye te deklare pwofèt yo, avèk bouch pa l, Kris la te gen pou l vini.

24 Epi gade, te gen anpil fason li te fè pitit lèzòm konnen bagay ki bon; e tout bagay ki bon sòti nan Kris la; san sa, lèzòm t ap “tonbe, e yo pa t ap kapab resevwa onkenn bon bagay.

25 Se poutèt sa, avèk ministè “zanj yo, e avèk tout pawòl ki sòti nan bouch Bondye, lèzòm te egzèse lafwa nan Kris la; epi konsa, avèk lafwa, yo te aksepte tout bon bagay; e se konsa sa te ye jistan Kris la te vini.

26 Epi apre li te vini tou, lèzòm te sove avèk lafwa nan non l; e avèk lafwa, yo te tounen pitit Bondye. Epi menm jan Kris la vivan toutbon an se konsa li te pale zansèt nou yo pawòl sa yo, li te di: “nenpòt bagay ki bon, nou mande Papa a nan non m, avèk lafwa, si nou kwè n ap resevwa l, gade n ap resevwa l.

27 Se poutèt sa, frè byenneme m yo, èske “mirak yo sispann poutèt Kris la te monte nan syèl

17a GE Peche.

18a Mozya 16:9;
D&A 50:24; 88:7-13.
GE Limyè, limyè Kris.

b TJS Mat. 7:1-2
(Apendis);
Lik 6:37;

Jan 7:24.

19a D&A 84:45-46.
b Mozya 15:10-12;
27:25.

GE Pitit gason ak
pitit fi Bondye.

22a GE Bondye, Divinite.

b Moyiz 5:58.

GE Zanj yo.

24a 2 Ne. 2:5.

25a Alma 12:28-30.

26a 3 Ne. 18:20.

GE Priyè.

27a GE Mirak.

la, e li chita bò kote dwat Bondye, pou l ^breklame nan men Papa a, dwa mizèrikòd li genyen sou pitit lèzòm?

28 Paske, li te satisfè egzijans lalwa a, e li reklame tout moun ki gen lafwa nan li; e moun ki gen lafwa nan li ap “aksepte tout bon bagay; se poutèt sa, li ^bplede kòz pitit lèzòm; e li rete nan syèl la etènèlman.

29 Epi poutèt li te fè sa, frè byenneme m yo, èske mirak yo sispann? Gade, m di nou, non; ni tou zanj yo pa sispann travay pou pitit lèzòm.

30 Paske gade, zanj yo soumèt yo devan l, pou yo travay daprè pawòl kòmandman li, pou yo fè moun ki gen anpil lafwa akpanse fèm nan tout fòm sentete wè yo.

31 Epi wòl yo nan travay la, se pou yo rele tout moun nan repantans, e pou akonpli ak fè travay alyans Papa a te fè avèk lèzòm nan, pou deklare pawòl Kris la bay vèsèl Senyè a chwazi yo, pou yo kapab rann temwayaj konsènan l.

32 Epi konsa, Senyè Bondye a prepare chemen an pou rès lèzòm yo kapab gen ^alafwa nan Kris la, pou Sentespri a kapab gen plas nan kè yo, daprè pouvwa l; e se konsa Papa a ap reyalize alyans li te fè avèk lèzòm nan.

33 Epi Kris la te di konsa: “Si

nou gen lafwa nan mwen, n ap gen pouvwa pou nou fè nenpòt bagay m jije ^bnesesè.

34 Epi li te di konsa: “Repanti, nou menm tout kwen tè a, epi vin jwenn mwen, e batize nan non m, e gen lafwa nan mwen pou nou kapab sove.

35 Epi kounyeya, frè byenneme m yo, si bagay m te pale nou yo se verite, e Bondye ap montre nou avèk ^apouvwa, e avèk gwo laglwa nan dènye ^bjou a, se verite yo ye, e si yo se verite, èske jou mirak yo fini?

36 Oubyen, èske zanj yo sispann fè pitit lèzòm wè yo? Oubyen, èske li ^awete pouvwa Sentespri a nan pami yo? Oubyen, èske l ap fè sa, tout tan lè a poko pase, oubyen tout tan tè a egziste, oubyen tout tan gen yon moun sou tè a pou sove?

37 Gade, m di nou, non; paske se lafwa ki mennen ^amirak; e se pa lafwa zanj yo parèt e fè travay pou preche lèzòm; se poutèt sa, si bagay sa yo sispann, malè lèzòm, paske se poutèt ^benkredilite, epi tout bagay anven.

38 Paske pèsonn moun pa kapab sove, daprè pawòl Kris la, si yo pa gen lafwa nan non l; se poutèt sa, si bagay sa yo sispann, lafwa sispann tou; e sitiyasyon lèzòm grav, paske se kòm si okenn redanmsyon pa t fèt.

27b Eza. 53:12;
Mozya 14:12.

28a Wom. 12:9;
D&A 98:11.
b 1 Jn. 2:1;
2 Ne. 2:9.
GE Avoka.

32a GE Lafwa.
33a Mat. 17:20.
b D&A 88:64–65.
34a 3 Ne. 27:20;
Etè 4:18.
35a 2 Ne. 33:11.
b D&A 35:8.

36a Mowo. 10:4–5, 7, 19.
37a Mat. 13:58;
Mòm. 9:20;
Etè 12:12–18.
b Mowo. 10:19–24.

39 Men gade, frè byenneme m yo, m panse pi bon bagay kon-sènan nou, paske m panse nou gen lafwa nan Kris la poutèt nou dou; paske si nou pa gen lafwa nan li, nou pa “kalifye pou nou fè pati nan pami pèp legliz li a.

40 Epi ankò, frè byenneme m yo, m ta vle pale avèk nou kon-sènan “esperans. Kòman nou kapab gen lafwa si nou pa gen esperans?

41 Epi, ki sa nou dwe “espere? Gade, m di nou, nou dwe gen ^besperans nan ekspyasyon Kris la ak pouvwa rezirèksyon li a, pou nou resisite nan “lavi etènèl, e se poutèt lafwa nou nan li, dap-
prè pwomès la.

42 Se poutèt sa, si yon moun gen “lafwa, li ^bdwe gen esperans; paske san lafwa pa kapab gen okenn esperans.

43 Epi ankò, gade, m ap di nou, li pa kapab gen lafwa, si l pa “dou epi si kè l pa bon.

44 Si se sa, “lafwa l ak esperans li pa gen valè, paske pèsonn pa akseptab devan Bondye, eksepte si li dou e gen bon kè poze; e si yon moun dou e poze nan kè, e li ^bkonfese Jezi se Kris la avèk pouvwa Sentespri a, li dwe gen charite; paske si l pa gen charite,

li pa anyen; se poutèt sa li dwe gen charite.

45 Epi “charite gen pasyans, li janti, li pa gen ^banvi, li pa chaje avèk lògèy, li pa chè-che enterè pa l, li pa fache fasil, li pa panse mal, li pa pran plèzi nan inikite, men, li pran plèzi nan verite, li sipòte tout bagay, li kwè tout bagay, li espere tout bagay, li andire nan tout bagay.

46 Se poutèt sa, frè byenneme m yo, si nou pa gen charite, nou pa anyen, paske charite pa janm peri. Se poutèt sa, apiye sou charite, ki se pi gwo don pase tout lòt, paske tout bagay gen pou peri.

47 Men, “charite se ^blanmou pi Kris la, e li dire pou tout tan; e nenpòt moun ki genyen l nan dènye jou a, l ap bon pou li.

48 Se poutèt sa, frè byenneme m yo, “priye Papa a avèk tout enèji kè nou, pou nou kapab chaje avèk lanmou l, li te devèse sou tout moun ki se vrè ^bdisip Pitit Gason li a, Jezikri; pou nou kapab vin tounen pitit Bondye; pou lè l parèt, pou nou kapab “tankou l, paske n ap wè l jan li ye a; pou nou kapab gen esperans sa a; pou nou “pirifye menm jan li pi a. Amèn.

39a GE Diy, diyite.

40a Etè 12:4.

GE Esperans.

41a D&A 138:14.

b Tit 1:2;

Jakòb 4:4;

Alma 25:16;

Mowo. 9:25.

c GE Lavi etènèl.

42a GE Lafwa.

b Mowo. 10:20.

43a GE Dou, dousè.

44a Alma 7:24;

Etè 12:28–34.

b Lik 12:8–9.

GE Konfese,

konfesyon;

Temwayaj.

45a 1 Kor. 13.

b GE Anvi.

47a 2 Ne. 26:30.

GE Charite.

b Joz. 22:5.

GE Lanmou,

renmen.

48a GE Priyè.

b GE Jezikri—

Egzanp Jezikri;

Obeyi,

obeyisan,

obeyisans.

c 1 Jn. 3:1–3;

3 Ne. 27:27.

d 3 Ne. 19:28–29.

GE Pi, pite.

CHAPIT 8

Batèm timoun piti se yon abominasyon—Timoun piti yo vivan nan Kris la poutèt Ekspyasyon an—Lafwa, repantans, kè dou ak bon kè, resepsyon Sentespri a, ak pèsevèrè jiska lafen mennen nan sali. Anviwon 401-421 APRE JEZIKRI.

YON lèt, "Papa m Mòmon te ekri m, mwen menm Mowoni; e li te ekri m li apre m te fin resevwa apèl nan ministè a. Epi, men jan li te ekri m, li te di:

2 Pitit gason byenneme m nan, Mowoni, m kontan anpil Senyè Jezikri w la te sonje w, e li te rele w vin nan ministè li a, ak travay sen li a.

3 M sonje w tout tan nan priyè m yo, tout tan m priye Papa Bondye nan non Pitit Sen li a, Jezi, pou l kapab, nan "bonte ak ^bgras enfini li, kenbe w nan pèsevèrè nan lafwa nan non li jiska lafen.

4 Epi kounyeya, pitit gason m nan, m ap pale w konsènan sa ki fwase m anpil; paske sa fwase m pou gen "diskisyon leve nan pami nou.

5 Paske, si m te byen tandè, te gen diskisyon nan pami nou konsènan batèm timoun piti yo.

6 Epi kounyeya, pitit gason m nan, m ta vle w travay avèk dilijans, pou vye erè sa a ta sòti nan

pami nou; paske, se poutèt sa m ekri w lèt sa a.

7 Paske, imedyatman m te aprann bagay sa yo konsènan nou, m te mande Senyè a konsènan sijè sa a. Epi "pawòl Senyè a te vin jwenn mwen avèk pouvw a Sentespri a, li te di:

8 Koute pawòl Kris la, Redanmtè w la, Senyè w la, ak Bondye w la. Gade m pa t vin nan mond lan pou m rele moun ki jis yo nan repantans, men pou pechè yo; moun ki gen "sante pa bezwen doktè, men se moun ki malad; se poutèt sa, ^btimoun piti yo "byen, paske yo pa kapab fè "peche; se poutèt sa, malediksyon "Adan an sòti sou tèt yo poutèt mwen, konsa li pa gen pouvw sou yo; e lalwa ^ssikonsizyon an fini ak mwen.

9 Epi se konsa Sentespri a te manifeste pawòl Bondye a ban mwen; se poutèt sa, pitit gason m nan, m konnen se yon zak ki grav devan Bondye, pou timoun piti yo ta batize.

10 Gade, m ap di nou kisa, pou w preche la—repantans ak batèm, pou moun ki gen "matirite, e ki kapab fè peche; wi, ansenye paran yo pou yo repanti e pou yo batize, e pou yo gen imilite menm jan avèk ^btimoun piti yo, e yo tout ap sove avèk timoun piti yo.

11 Epi "timoun piti yo pa be-

8 1a P—M 1:1.

3a Mozya 4:11.

b GE Gras.

4a 3 Ne. 11:22, 28; 18:34.

7a GE Pawòl Bondye.

8a Mak 2:17.

b Mak 10:13-16.

c Mozya 3:16;

D&A 74:7.

d GE Peche.

e 2 Ne. 2:25-27.

GE Chit Adan ak Èv.

f Jen. 17:10-11.

GE Sikonsizyon.

10a GE Responsab,

responsablite.

b GE Ènb, imilite;

Timoun, timoun yo.

11a GE Batèm, batize—
Kalifikasyon pou batèm;
Timoun, timoun yo.

zwen repanti, ni batize. Gade, batèm se pou repantans, pou akonpli kòmandman yo, jouk nan ^bremisyon peche.

12 Men ^atimoun piti yo vivan nan Kris la, menm depi nan fondasyon mond lan; si se pa sa, Bondye se yon Bondye ki nan patipri, epi tou, yon Bondye ki kapab chanje, epi ki ^bgade figi; paske gen yon pakèt timoun ki te mouri san batèm!

13 Se poutèt sa, si timoun piti yo pa t kapab sove san batèm, timoun sa yo ta pral nan yon lanfè san fen.

14 Gade, m ap di nou, yon moun ki panse timoun piti yo bezwen batize, li nan mitan yon fyèl anmè ak anba kòd inikite; paske li pa gen ni ^alafwa, ni esperans, ni charite; se poutèt sa, si l ta mouri pandan l ap panse sa, li ta pral desann nan lanfè.

15 Paske se yon mechanste terrib panse Bondye sove yon timoun poutèt batèm, e yon lòt dwe peri paske li pa t batize.

16 Malè moun ki pèvèti chemen Senyè a konsa, paske y ap peri si yo pa repanti. Gade, m pale, paske Bondye ban m ^aotòrite; e m pa pè sa lèzòm kapab fè; paske ^blanmou pafè ^cchase tout krentif.

17 Epi m chaje avèk ^acharite, ki se lanmou etènèl; se poutèt sa, tout timoun piti yo menm jan devan m; se poutèt sa, m renmen ^btimoun piti yo avèk yon lanmou pafè; yo tout menm jan, e yo pral patisipe nan sali a.

18 Paske m konnen Bondye pa nan patipri, ni tou li pa yon Bondye k ap chanje; men li ^aenchanjab depi ^bnan letènite jouk nan tout letènite.

19 ^aTimoun piti pa kapab repanti; se poutèt sa, se yon mechanste terrib lè moun nye mizèrikòd pi Bondye genyen pou yo, paske yo tout vivan nan li poutèt ^bmizèrikòd li.

20 Epi yon moun ki di timoun piti yo bezwen batize, moun sa a nye mizèrikòd Kris la, e moun sa a pa bay ^aekspyasyon li a ak pouvwa redanmsyon li a okenn valè.

21 Malè pou moun konsa, paske yo nan danje lanmò, ^alanfè, ak yon touman ^bsan fen. M pale sa klè; Bondye te kòmande m. Koute bagay sa yo, e prete atansyon, oubyen y ap leve kont nou devan fotèy ^cjijman Kris la.

22 Paske gade nou dwe konprann tout timoun piti yo kòm ^avivan nan Kris la, epi tou ak tout moun ki pa gen ^blalwa.

11 *b* GE Remisyon peche yo.

12*a* D&A 29:46–47; 93:38.

b Efe. 6:9;

2 Ne. 26:33;

D&A 38:16.

14*a* 1 Kor. 13;

Etè 12:6;

Mowo. 7:25–

28; 10:20–23.

16*a* GE Otorite.

b GE Lanmou, renmen.

c 1 Jn. 4:18.

17*a* GE Charite.

b Mozya 3:16–19.

18*a* Alma 7:20;

Mòm. 9:9.

GE Bondye, Divinite.

b Mowo. 7:22.

19*a* Lik 18:15–17.

b GE Mizèrikòd.

20*a* GE Ekspyasyon,

ekspye;

Plan redanmsyon.

21*a* GE Lanfè.

b Jakòb 6:10;

Mozya 28:3;

D&A 19:10–12.

c GE Jezikri—Jij.

22*a* GE Sali—Sali timoun.

b Tra. 17:30;

D&A 76:71–72.

Paske pouvwa ‘redanmsyon an vini sou tout moun ki pa gen lalwa; se poutèt sa, yon moun ki pa kondane, oubyen yon moun ki pa sou okenn kondanasyon, li pa kapab repanti, e pou yon moun konsa, batèm pa gen okenn valè—

23 Men, se yon zak ki grav devan Bondye, lè yon moun nye mizèrikòd Kris la ak pouvwa Lespri Sen li a, e li mete konfyans li nan travay ki “mouri.

24 Gade, pitit gason m nan, bagay sa a pa dwe fèt, paske “repantans se pou moun ki anba kondanasyon ak anba malediksyon yon lalwa li te vyole.

25 Epi, premye fwi “repantans se ^bbatèm; e batèm nan vini pa mwayen lafwa pou akonplisman kòmandman yo; e akonplisman kòmandman yo pote ‘remisyon pou peche yo.

26 Epi, remisyon peche yo pote “dousè ak kè poze; e poutèt dousè ak kè poze ^bSentespri a vizite moun, kòm ‘konsolatè ki chaje avèk ^desperans ak ^elanmou pafè, lanmou ki pèsevere avèk ^fdilijans nan ^glapriyè, jistan lafen an vini, lè tout ^hsen yo pral rete avèk Bondye.

27 Gade, pitit gason m nan, m ap ekri w ankd si m pa mache talè konsa kont Lamanit yo. Gade, “lògèy nasyon sa a,

oubyen lògèy pèp Nefit la ap lakoz destriksyon yo si yo pa repanti.

28 Priye pou yo, pitit gason m nan, pou yo ka jwen la repantans. Men, gade, m pè pou Lespri a pa sispann “lite avèk yo; e nan zòn sa a nan peyi a, y ap chèche kraze tout pouvwa ak otorite ki sòti kote Bondye; e yo ^bnye Sentespri a.

29 Epi apre yo te fin rejte yon si gwo konesans, pitit gason m nan, yo dwe peri pou akonpli pwofesi pwofèt yo te pale yo, ak pawòl Sovè a limenm te pale yo tou.

30 Orevwa, pitit gason m nan, jistan m ekri w, oubyen jistan m rankontre w ankd. Amèn.

Dezyèm lèt Mòmmon te ekri Mowoni, pitit gason li a.

Tout chapit 9 la.

CHAPIT 9

Ni Nefit yo ni Lamanit yo deprave epi yo dejenere—Youn tètire lèt epi youn touye lèt—Mòmmon priye pou gras ak bonte rete sou Mowoni pou tout tan. Anviwon 401 APRE JEZIKRI.

PITIT gason byenneme m nan, m ekri w ankd pou w kapab

22c GE Redanmtè, restablisman, redanmsyon.

23a D&A 22:2.

24a GE Repantans, repanti.

25a GE Batèm, batize—Kalifikasyon pou batèm.

b Moyiz 6:58–60.

c D&A 76:52.

GE Remisyon peche yo.

26a GE Dou, dousè.

b GE Sentespri.

c GE Konsolatè.

d GE Esperans.

e 1 Pyè 1:22;

1 Ne. 11:22–25.

f GE Dilijans.

g GE Priyè.

h GE Sen (non).

27a D&A 38:39.

GE Lògèy.

28a Mòm. 5:16.

b Alma 39:6.

GE Peche enpadonab.

konnen m ap ekri yon ti kras konsènan bagay ki grav.

2 Paske gade, m te nan yon batay vyolan avèk Lamanit yo, nan batay sa a, nou pa t gen viktwa; e Akeyantous te tonbe anba epe, epi tou Liram ak Emwon; wi, epi tou nou te pèdi yon gwo kantite nan pi bon gason nou yo.

3 Epi kounyeya, gade, pitit gason m nan, m pè pou Lamanit yo pa detwi pèp sa a; paske, yo pa repanti, e Satan ap soulve yo tout tan pou yo fache yonn kont lòt.

4 Gade, m ap travay avèk yo tout tan; e lè m pale pawòl Bondye a avèk "presizyon, yo tranble e yo fache kont mwen; e lè m pa mete presizyon, yo fè kè yo di kont pawòl la; se poutèt sa, m pè pou lespri Senyè a pa sispann ^blite avèk yo.

5 Paske, yo tèlman fache, sanble yo pa pè lanmò; e yo pèdi lanmou youn pou lòt; e yo "swaf san ak revanj tout tan.

6 Epi kounyeya, pitit gason byenneme m nan, malgre jan kè yo di a, an nou travay avèk "dijans; paske, si nou ta sispann ^btravay, nou t ap tonbe anba kondanasyon; paske, nou gen yon travay pou nou fè pandan n ap viv nan kò sa a, pou nou kapab gen viktwa sou ènmi lajistis la, e pou nou repoze nanm nou nan wayòm Bondye a.

7 Epi kounyeya, m ap ekri ti kras konsènan soufrans pèp sa a. Paske, dapre konesans

m te resevwa nan men Amowon, gade, Lamanit yo gen anpil prizonye yo te pran nan tou Cheriza a; e te gen gason, fi ak timoun.

8 Epi, yo te touye mari ak papa fi sa yo ak timoun sa yo; e yo te fè fi yo manje vyann kò mari yo, e yo te fè timoun yo manje vyann kò papa yo; e yo te ba yo yon tikras dlo.

9 Epi, malgre gwo abominasyon sa a, Lamanit yo te fè a, sa pa depase sa pèp nou an te fè nan Moryantoum. Paske gade, yo te fè anpil nan pitit fi Lamanit yo prizonye; e apre yo te fin pran bagay ki pi chè ak pi presye yo te kapab posede a, ki se "chastete ak ^bvèti yo—

10 Apre yo te fin fè bagay sa a, yo te touye yo nan fason pi mechan ki te kapab egziste, yo te tòtire kò yo jistan yo mouri; e apre yo te fin fè sa, yo te devore chè kò yo tankou bèt sovaj; paske kè yo di; e yo fè sa kòm senbòl pou yo pwouve yo brav.

11 O, pitit gason byenneme m nan, kòman yon pèp fè konsa, san sivilizasyon—

12 (Epi anpil ane pa t pase depi yo te yon bèl pèp sivilize)

13 Men, O, pitit gason m nan, kòman yon pèp fè konsa, pran plèzi nan abominasyon konsa—

14 Kòman nou ka espere pou Bondye "revoke jijman li kont nou?

15 Gade, nan kè m, m di: Malè pou pèp sa a. Sòti avèk jijman,

9 ^{4a} 2 Ne. 1:26-27;
D&A 121:41-43.
^b D&A 1:33.
^{5a} Mòm. 4:11-12.

^{6a} GE Dilijans.
^b Jakòb 1:19;
Enòs 1:20.
GE Devwa.

^{9a} GE Chastete.
^b GE Vèti.
^{14a} Alma 10:23.

O, Bondye, e kache peche yo, ak mechanste yo, ak abominasyon yo devan figi w!

16 Epi ankò, pitit gason m nan, gen anpil “vèw ak pitit fi yo ki rete nan Cheriza; e pati nan nouriti yo ke Lamanit yo pa t pran, gade lame Zenefi a te pran an l, e li kite vèw yo, ak pitit fi yo ap pwomennen tout kote dèyè manje; anpil granmoun fi tonbe nan wout epi yo mouri.

17 Epi lame ki avèk mwen an, li fèb; e lame Lamanit yo ant Cheriza ak mwen menm; e tout moun ki te kouri kite lame “Aawon an, yo te tonbe kòm viktim anba britalite terib Lamanit yo.

18 O, gade depravasyon pèp mwen an! Yo pa gen ni lòd, ni mizèrikòd. Gade, m se sèlman yon moun, e m sèlman gen fòs yon moun, e m pa kapab kontinye fòse yo obeyi kòmandman m yo.

19 Epi yo vin fò nan pèvèsite; e yo tout brital, yo pa epaye pèsonn, ni jèn moun, ni granmoun; e yo pran plèzi nan tout bagay, eksepte sa ki bon; epi soufrans fi nou yo ak timoun nou yo sou sifas tè sa a depase tout bagay; wi, lang pa kapab pale sa, ni tou sa pa kapab ekri.

20 Epi kounyeya, pitit gason m nan, m p ap rete plis nan istwa terib sa a. Gade, ou konnen mechanste pèp sa a; ou konnen yo

san prensip ak santiman; e mechanste yo “depase pa Lamanit yo.

21 Gade, pitit gason m nan, m pa kapab rekòmande yo bay Bondye pou l pa pini m.

22 Men gade, pitit gason m nan, m rekòmande w devan Bondye, epi kwè nan Kris la pou w kapab sove; e m priye Bondye pou l “epaye lavi w, pou w kapab wè lè pèp li a ap tounen vin jwenn li, oubyen destriksyon total yo; paske m konnen yo dwe peri si yo pa ^brepanti tounen vin jwenn li.

23 Epi si yo peri se va tankou Jaredit yo, poutèt kè yo, poutèt y ap “chèche san ak ^brevanj.

24 Epi si yo peri, nou konnen anpil nan frè nou yo te “dezète al jwenn Lamanit yo, e anpil lòt gen pou yo dezète al jwenn yo; konsa, ekri kèk bagay, si w epaye e m mouri san m pa wè; men, m kwè m kapab wè w; paske m gen rejis sakre m ta vle ^bba w.

25 Pitit gason m nan, gen konfyans nan Kris la; e se pa pou bagay m te ekri yo fè w mal, pou fè w mouri anba lapenn; men se pou Kris la leve w, epi se pou “soufrans li ak lanmò li, e poutèt li te fè zansèt nou yo wè kò l la, ak mizèrikòd li, ak rezistans li, ak esperans laglwa li, e ak ^blavi etènèl la repoze nan “panse w pou tout tan.

26 Epi se pou lagras Papa

16a GE Vèw.

17a Mòm. 2:9.

20a Ela. 6:34–35.

22a Mòm. 8:3.

b Mal. 3:7;

Ela. 13:11;

3 Ne. 10:6; 24:7.

23a Mòm. 4:11–12.

b Etè 15:15–31.

24a Alma 45:14.

b Mòm. 6:6.

25a GE Ekspyasyon, ekspye.

b GE Lavi etènèl.

c GE Panse (lespri).

Bondye, ki gen twòn li anlè nan syèl la, avèk Senyè a Jezi-kri, ki chita bò kote ^adwat pouvw a l la, jistan tout bagay vin soumèt devan li a, kapab avèk ou, e rete avèk ou pou tout tan. Amèn.

CHAPIT 10

Se pouvw Sentespri a ki bay temwayaj Liv Mòmmon an—Se moun ki gen lafwa ki resevwa don Lespri yo—Don espiritiyèl toujou akonpaye lafwa—Pawòl Mowoni yo sòti nan pousyè a—Vin jwenn Kris la, vin pafè nan Li, epi sanktifye nanm nou. Anviwon 421 APRE JEZIKRI.

KOUNYEYA, mwen Mowoni, m ap ekri ti kras sa lide m di m; e m ekri frè m yo, ^aLamanit yo; e m ta vle yo konnen, plis pase katsan-ven ane te pase depi nou te gen siy ki te fè konnen Kris la ap vini an.

2 Epi, m ^asele rejis sa yo, apre m te fin pale nou kèk pawòl egzòstasyon.

3 Gade, m vle egzòte nou pou lè nou li bagay sa yo, si se volonte Bondye pou nou li yo, pou nou kapab sonje kòmnan Senyè a te gen mizèrikòd pou pitit lèzòm, depi nan kreyasyon Adan jouk nan lè n ap resevwa bagay

sa yo, e pou nou ^amedite l nan ^bkè nou.

4 Epi lè nou resevwa bagay sa yo, m vle egzòte nou pou nou ^amande Bondye, Papa Ètènèl la, nan non Kris la, si bagay sa yo se ^bpa verite; e si nou mande avèk yon ^ckè sensè, avèk yon ^dentansyon reyèl, si nou gen ^elafwa nan Kris la, l ap ^fmontre nou se ^gverite, avèk pouvw Sentespri a.

5 Epi, pa pouvw Sentespri a nou ^akapab konnen ^bverite nan tout bagay.

6 Epi, nenpòt bagay ki bon, ki jis se verite; se poutèt sa, pa gen onkenn bon bagay ki nye Kris la, okontrè, li admèt Kris la egziste.

7 Epi, nou kapab konnen li egziste pa pouvw Sentespri a; se poutèt sa, m vle egzòte nou pou nou pa nye pouvw Bondye; paske, li travay avèk pouvw, ^adapre lafwa pitit lèzòm, menm jan jodi a, demen, e pou tout tan.

8 Epi ankò, m egzòte nou, frè m yo, paske yo anpil e yo sòti kote menm Bondye a. Epi gen ^aanpil fason moun resevwa don sa yo; men, se menm Bondye a ki fè yo tout; e, se manifestasyon Lespri Bondye ki bay lèzòm yo, pou benefis pa yo.

26a Lik 22:69;
Tra. 7:55-56;
Mozya 5:9;
Alma 28:12.

10 1a D&A 10:48.

2a Mòm. 8:4, 13-14.
GE Ekriti yo—
Pwofesi konsènan
ekriti k ap vini.

3a Det. 11:18-19.

GE Medite.

b Det. 6:6-7.

4a GE Priyè.

b 1 Ne. 13:39; 14:30;

Mozya 1:6;

Ètè 4:10-11; 5:3.

c GE Onèt, onètete.

d Jak 1:5-7;

Mowo. 7:9.

e GE Lafwa.

f GE Revelasyon.

g GE Verite.

5a D&A 35:19.

GE Disènman, Don;

Temwayaj.

b Jan 8:32.

7a 1 Ne. 10:17-19.

8a GE Don Lespri yo.

b D&A 46:15.

9 Paske gade, Lespri Bondye a “fè yon moun kapab ^bpreche pa-wòl sajès la;

10 Epi menm Lespri a fè yon lòt moun kapab preche pawòl konesans la;

11 Epi menm Lespri a bay yon lòt moun anpil “lafwa; yon lòt moun ankò, don ^bgerizon;

12 Epi ankò, pou yon lòt moun, pou l kapab fè gwo “mirak;

13 Epi ankò, pou yon lòt moun, pou l kapab pwofetize konsènan tout bagay;

14 Epi ankò, pou yon lòt moun, vizyon zanj ak travay lespri;

15 Epi ankò, pou yon lòt moun, tout kalite lang.

16 Epi ankò, pou yon lòt moun, entèpretasyon langaj ak divès kalite “lang.

17 Epi tout don sa yo vini avèk Lespri Kris la; e yo vini sou chak moun separeman, jan Kris la vle.

18 Epi m vle egzòte nou, frè byenneme m yo, pou nou kapab sonje, “tout bon don sòti nan men Kris la.

19 Epi m egzòte nou frè byenneme m yo, pou nou kapab sonje li se “menm nan, ayè, jodi a ak pou tout tan, e tout don sa yo m te pale a ki espiryèl yo, yo p ap janm fini tout tan mond lan egziste, eksepte poutèt ^benkredilite pitit lèzòm.

20 Se poutèt sa, dwe gen “lafwa; e si dwe gen lafwa, dwe

gen esperans tou; e si dwe gen esperans dwe gen charite tou.

21 Epi si nou pa gen “charite, pa gen okenn fason n ap kapab sove nan wayòm Bondye a; ni tou nou pa kapab sove nan wayòm Bondye a si nou pa gen lafwa; ni tou nou pa kapab sove nan wayòm Bondye a si nou pa gen esperans.

22 Epi si nou pa gen esperans, n ap nan dezespwa; e gen dezespwa poutèt inikite.

23 Epi Kris la te reyèlman di zansèt nou yo: “Si nou gen lafwa nou kapab fè tout bagay mwen jije ki nesèsè.

24 Epi kounyeya, m ap pale avèk tout kwen tè a—pou si yon jou pouvwa ak don Bondye yo ta sòti nan pami nou, se va “poutèt ^benkredilite.

25 Epi malè pitit lèzòm si se sa ki pase; paske pa gen “pèsonn k ap fè byen nan pami nou, pa menm yon sèl. Paske, si gen yon moun nan pami nou ki fè byen, l ap travay avèk pouvwa e avèk don Bondye.

26 Epi, malè moun ki fè bagay sa yo, e ki mouri, paske yo “mouri nan ^bpeche, e yo pa kapab sove nan wayòm Bondye a; e m di sa dapre pawòl Kris la; e m p ap bay manti.

27 Epi m egzòte nou pou nou kapab sonje bagay sa yo; paske, gen yon tan k ap vini vit, lè sa a

9a 1 Kor. 12:8-11;

D&A 46:8-29.

b D&A 88:77-79, 118.

11a GE Lafwa.

b GE Geri, gerizon.

12a GE Mirak.

16a GE Lang yo, don.

18a Jak 1:17.

19a Ebre 13:8.

b Mowo. 7:37.

20a Etè 12:3-37.

21a 1 Kor. 13;

Mowo. 7:1, 42-48.

GE Charite.

23a Mowo. 7:33.

24a Mowo. 7:37.

b GE Enkredilite.

25a TJS Sòm 14:1-7

(Apendis);

Wom. 3:10-12.

26a Ezek. 18:26-27;

1 Ne. 15:32-33;

Mozya 15:26.

b Jan 8:21.

n ap konnen m p ap bay manti, paske n ap wè m devan tribinal Bondye a; e Senyè Bondye a ap di nou konsa: Èske m pa t deklare nou “pawòl mwen yo, pawòl mwen yo nonm sa a te ekri a, menm jan avèk yon moun k ap ^bpale nan pami mò yo, wi, menm jan avèk vwa yon moun k ap sòti anba ‘pousyè a?

28 M deklare bagay sa yo pou pwofesi yo kapab akonpli. Epi gade, yo pral sòti nan bouch Bondye etènèl la; e pawòl li pral “pase nan yon jenerasyon al nan yon lòt.

29 Epi, Bondye pral montre nou bagay li te ekri a se verite.

30 Epi ankò, m ta vle egzòte nou pou nou “vin jwenn Kris la, e pou nou kenbe tout bon don, e pa ^btouche move don an, ni bagay ki pa pwòp la.

31 Epi “reveye, leve sòti nan pousyè a, O Jerizalèm; wi, e mete bèl rad ou yo sou w, O pitit fi ^bSiyon an; e ‘ranfòse ^dpye w yo, e laji fwontyè w yo pou tout tan, pou w kapab ‘pa nan konfizyon ankò, pou alyans Papa Etènèl la te fè avèk w a, O, ou

menm kay Izrayèl la kapab akonpli.

32 Wi, “vin jwenn Kris la, e ^bpèfeksyone nou nan li, e debarase kò nou ak tout endiyite; e si nou debarase kò nou ak tout endiyite, e si nou ‘renmen Bondye avèk tout pouvwa nou, panse nou, ak fòs nou, lè sa a gras li ap ase pou nou, pou nou kapab vin pafè nan Kris la atravè gras li; e si nou pafè nan Kris la atravè ^dgras Bondye, pa gen anyen ki pou fè nou nye pouvwa Bondye.

33 Epi ankò, si, avèk gras Bondye nou vin pafè nan Kris la, e nou pa nye pouvwa l, lè sa a, nou “sanktifye nan Kris la atravè gras Bondye, nan ^bsan Kris la ki te koule a, ki se alyans Papa a pou ‘remisyon peche nou yo, pou nou kapab vin ^dsen, san tach.

34 Epi kounyeya, m di tout moun orevwa. Talèkonsa m pral “repoze nan ^bparadi Bondye a, jistan ‘lespri m ak kò m ^dreyini ankò, e m monte avèk triyonf ^eanlè a, pou m rankontre nou devan bon tribinal ^fplezan gran ^gJewova a, ^hjij etènèl ni vivan yo ak mò yo. Amèn.

27a 2 Ne. 33:10–11.

b 2 Ne. 3:19–20;

27:13; 33:13;

Mòm. 9:30.

c Eza. 29:4.

28a 2 Ne. 29:2.

30a 1 Ne. 6:4;

Mòm. 9:27;

Etè 5:5.

b Alma 5:57.

31a Eza. 52:1–2.

b GE Siyon.

c Eza. 54:2.

d GE Pye.

e Etè 13:8.

32a Mat. 11:28;

2 Ne. 26:33;

Jakòb 1:7;

Omni 1:26.

b Mat. 5:48;

3 Ne. 12:48.

GE Pafè.

c D&A 4:2; 59:5–6.

d 2 Ne. 25:23.

33a GE Sanktifikasyon.

b GE Ekspyasyon,

ekspye.

c GE Remisyon

peche yo.

d GE Sentete.

34a GE Repo.

b GE Paradi.

c GE Lespri.

d GE Rezirèksyon.

e 1 Tes. 4:17.

f Jakòb 6:13.

g GE Jewova.

h GE Jezikri—Jij.

DOKTRIN
AK
ALYANS

LEGLIZ JEZIKRI POU
SEN DÈNYE JOU YO

GENYEN LADAN REVELASYON
JOSEPH SMITH, PWOFE

LA TE RESEVWA AVÈK KÈK LÒT BAGAY SIKSESÈ LIYO
NAN PREZIDANS LEGLIZ LA TE AJOUTE

KONTNI

Entwodiksyon	v
Lòd Sijè yo Daprè Dat yo	x
Seksyon yo	1
Deklarasyon Ofisyèl yo.315

ENTWODIKSYON

Doktrin ak Alyans yo se yon koleksyon revelasyon diven ak deklarasyon enspire yo te resevwa pou tabli ak Gouvènè wayòm Bondye a sou tè a nan dènje jou yo. Malgre pifò nan seksyon yo konsène manm Legliz Jezikri pou Sen Dènje Jou yo, mesaj yo, avètisman yo, ak egzòtasyon yo la pou benefis tout limanite, yo genyen ladan yo yon envitasyon pou tout moun tout kote tandè vwa Senyè Jezikri, k ap pale avèk yo pou byennèt tanporèl yo ak sali etènèl yo.

Pifò nan revelasyon sa yo ki nan konpilasyon sa a, se Joseph Smith, pitit la, premye pwofèt ak prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènje Jou yo ki te resevwa yo. Gen kèk lòt revelasyon siksesè l yo nan Prezidans lan te resevwa. (Gade antèt D&A 135, 136, ak 138, ak Deklarasyon Ofisyèl 1 ak 2.)

Liv Doktrin ak Alyans yo se youn nan liv kanonik Legliz la, ansanm ak Bib La, Liv Mòmòn an, ak Pèl Gran Pri a. Men, Doktrin ak Alyans yo espesyal paske se pa tradiksyon yon ansyen dokiman tan lontan, men li gen yon orijin modèn, epi se Bondye ki te bay li pa lantremiz pwofèt Li te chwazi, pou retabli travay sakre Li a ak tabli wayòm Bondye a sou tè a nan jou sa yo. Nan revelasyon yo, moun tandè vwa dou men fèm Senyè Jezikri a, ki pale yon fwa ankò nan dispansasyon plenitud tan yo; travay ki kòmanse ladan an se preparasyon Dezyèm Vini Li a, pou akonplisman epi an rapò avèk pawòl tout pwofèt sen yo depi lè mond lan te kòmanse.

Joseph Smith, pitit la te fèt 23 Desanm 1805, nan Sharon, Konte Windsor, Vermont. Nan anfans li, li te demenaje avèk fanmi li al nan yon zòn nan lwès eta New York la ki rele Manchester Kounyeya. Se pandan li t ap viv nan zòn sa a nan prentan 1820 an, lè l te gen katòzan, li te fè eksperyans premye vizyon l lan, epi nan vizyon sa a Bondye, Papa Etènèl la, ak Pitit Gason L lan, Jezikri te vizite li. Nan vizyon sa, yo te di l vrè Legliz Jezikri a ki te tabli nan epòk Nouvo Testaman an, epi ki te administre plenitud levanjil la pa t sou tè a ankò. Anpil zanj te ansenye li nan lòt manifestasyon divin ki te fèt apre; yo te montre l Bondye te gen yon travay espesyal pou ba li fè sou tè a epi atravè limenm, Legliz Jezikri a t ap tabli sou latè a.

Apre yon sèten tan, Joseph Smith te jwenn kapasite pou l tradui epi pibliye Liv Mòmòn an atravè èd diven. Pandan menm tan sa a, Janbatis te òdone limenm ak Oliver Cowdery nan Prètriz Aawon an, an Me 1829 (gade nan D&A 13), epi byento apre sa, ansyen Apot yo, Pyè, Jak, ak Jan te òdone yo nan Prètriz Mèlkisedèk la (gade nan D&A 27:12). Nan lòt òdinasyon apre, Moyiz, Eli, Elyas, ak anpil

ansyen pwofèt te konfere lòt kle prètriz (gade nan D&A 110; 128:18, 21). Òdinasyon sa yo sete anfèt yon retablisman otorite diven pou lòm sou tè a. Nan dat 6 Avril 1830, sou direksyon selès, Pwofèt Joseph Smith te òganize Legliz la, epi konsa, vrè Legliz Jezikri a vin operatif yon fwa ankò kòm yon enstitisyon nan pami lèzòm, avèk otorite pou ansenye levanjil la epi pou administre òdonans pou sove moun. (Gade D&A 20 ak Pèl Gran Pri a, Istwa—Joseph Smith 1.)

Yo te resevwa revelasyon sakre sa yo kòm repons pou priyè, nan tan nesosite, epi yo te soti nan sitiyasyon reyèl nan vi a, epi yo te konsène moun reyèl. Pwofèt la ak asosye l yo te chèche direksyon diven, epi revelasyon sa yo sètifye pou fè konnen yo te resevwa li. Nan revelasyon yo, nou wè retablisman ak devlopman levanjil Jezikri a epi yon envitasyon nan dispansasyon plenitid tan yo. Demenajman Legliz la pou direksyon lwès la, soti nan New York ak Pennsylvania pou ale nan Ohio, Missouri, Illinois, epi finalman ale nan Gran Basen Amerik lwès la ak pakèt efò Sen yo te fè pou yo eseye bati Siyon sou tè a nan tan modèn nan, tout sa parèt nan revelasyon sa yo tou.

Plizyè nan seksyon anvan yo pale sou sijè konsènan tradiksyon ak piblikasyon Liv Mòmmon an (gade nan seksyon 3, 5, 10, 17, ak 19). Kèk seksyon apre yo montre travay Pwofèt Joseph Smith ki te fè yon tradiksyon enspire nan Bib la, pandan tradiksyon sa a, li te resevwa anpil nan gran seksyon doktrinal yo (gade nan, paregzanp, seksyon 37, 45, 73, 76, 77, 86, 91, ak 132, yo chak gen kèk relasyon dirèk avèk tradiksyon Bib la).

Nan revelasyon yo, doktrin levanjil yo tabli avèk espplikasyon konsènan sijè fondamantal tankou nati Trinite a, orijin lòm, reyalite Satan, objektif mòtalite a, nesosite pou obeyisans, bezwen pou repantans, travay Lespri Sen an, òdonans ak akonplisman ki gen rapò avèk sali, destine tè a, kondisyon k ap vini pou lòm apre rezirèksyon an ak jijman an, letènite relasyon maryaj la, ak nati fanmi etènèl. Menm jan an tou, devlopman fondasyon administratif Legliz la demontre nan apèl evèk yo, Premye Prezidans la, Konsèy Douz yo, Swasanndis yo, ak etablisman lòt ofis ak kowòm pou prezide. Finalman, temwayaj ki fèt konsènan Jezikri—divinite L, majeste L, pèfeksyon Li, lanmou L, ak pouvwa redanmsyon L lan—fè liv sa a gen anpil valè pou limanite epi “pou Legliz la li gen valè richès tout Tè a” (gade antèt D&A 70).

Toudabò, se sekretè Joseph Smith yo ki te anrejistre revelasyon yo, epi manm Legliz yo te kontan pataje kopi ekri alamen yo youn ak lòt. Pou yo te kreye yon rejis pi pèmanan, sekretè yo te kopye revelasyon sa yo sou fòm liv rejis ekri alamen, ke dirijan Legliz yo te itilize pou yo te prepare revelasyon yo pou yo te enprime. Joseph

ak premye Sen yo te konsidere revelasyon yo jan yo te konsidere Legliz la: vivan, dinamik, e ki gen dwa vin sibi amelyorasyon avèk revelasyon adisyonèl. Epitou yo te rekonèt ke gen erè envolontè ki te pwobableman fèt nan pwosesis pou kopye revelasyon yo ak prepare yo pou piblikasyon an. Se konsa, nan yon konferans Legliz la yo te mande Joseph Smith nan 1831 pou l te “korije erè oswa fot sa yo ke Sentepri a ta ka petèt fè l dekouvri.”

Aprè yo te fin repase revelasyon yo epi korije yo, manm Legliz nan Missouri yo te kòmanse enprime yon liv ki te rele: *A Book of Commandments for the Government of the Church of Christ* (Yon Liv Kòmandman pou Gouvènè Legliz Kris la), ki te gen anpil nan premye revelasyon Pwofèt la te resewa yo. Men, premye tantativ sa a pou yo te pibliye revelasyon yo te kanpe lè yon foul bandi te detwi biwo laprès Sen yo nan Konte Jackson nan jou 20 Jiyè 1833.

Lè yo te aprann destriksyon biwo laprès la nan Missouri a, Joseph Smith ak lòt dirijan Legliz yo te kòmanse fè preparasyon pou yo te pibliye revelasyon yo nan Kirtland, Ohio. Pou l te korije erè, klarifye tèks yo, epi rekonèt evolisyon nan doktrin ak òganizasyon Legliz la ankò yon lòt fwa, Joseph Smith te sipèvize edisyon tèks ki te fèt pou kèk nan revelasyon yo pou l te ka prepare yo pou piblikasyon an 1835 kòm *Doctrine and Covenants of the Church of the Latter Day Saints* (Doktrin ak Alyans Legliz Sen Dènye Jou yo). Joseph Smith te otorize yon lòt edisyon Doktrin ak Alyans yo, ki te pibliye kèlke mwa apre lanmò Pwofèt la an 1844.

Premye Sen Dènye Jou yo te bay revelasyon yo anpil valè epi yo te konsidere yo kòm mesaj Bondye te voye ba yo. Yon fwa, nan fen ane 1831 an, plizyè ansyen nan Legliz la te rann temwayaj solanèl pou yo di ke Senyè a te rann yo temwayaj nan nanm yo konsènan verasite revelasyon yo. Temwayaj sa a te pibliye nan edisyon 1835 Doktrin ak Alyans yo kòm temwayaj Douz Apot yo te ekri:

**TEMWAYAJ DOUZ APOTYO
KONSÈNAN VERITE
LIV DOKTRIN AK ALYANS YO**

*Temwayaj Temwen Liv Kòmandman Senyè a yo,
kòmandman li te bay Legliz li a pa mwayen Joseph Smith,
pitit la, vwa Legliz la te nonmen pou objektif sa a:*

Se poutèt sa, nou santi volonte pou nou rann temwayaj devan tout moun nan limanite, devan chak kreyati sou sifas tè a, pou fè konnen Senyè a te bay nanm nou temwayaj, atravè Sentepri a ki te vide sou nou, pou fè konnen se enspirasyon

Bondye ki te bay kòmandman sa yo, epi yo pwofitab pou tout moun epi yo se verite toutbon vre.

Nou bay mond lan temwayaj sa a, pandan Senyè a se èd nou; epi se pa mwayen lagras Papa Bondye, ak Pitit Gason li a, Jezikri, nou gen privilèj sa a pou nou bay temwayaj sa a devan mond lan, nan temwayaj nou rejwi anpil la, pandan n ap priye Senyè a pou pitit lèzòm kapab pwofite ladan m.

Non Douz yo:

Thomas B. Marsh	Orson Hyde	William Smith
David W. Patten	William E. McLellin	Orson Pratt
Brigham Young	Parley P. Pratt	John F. Boynton
Heber C. Kimball	Luke S. Johnson	Lyman E. Johnson

Nan edisyon Doktrin ak Alyans ki te fèt nan apre yo, yo te ajoute lòt revelasyon adisyonèl oswa lòt sijè ki te anrejistre, lè yo te resevwa yo epi lè asanble konpetan yo oubyen konferans Legliz yo te aksepte yo. Edisyon 1876 la, Eldè Orson Pratt te prepare sou direksyon Brigham Young, te klase revelasyon yo selon dat yo epi yo te ajoute nouvo antèt avèk entwodiksyon istorik.

Pou kòmanse avèk edisyon 1835 la, yo te foure yon seri ki gen sèt leson teolojik; yo te rele sa yo *Lectures on Faith* [Etide sou Lafwa]. Sa yo te prepare pou itilize nan Lekòl Pwofèt yo nan Kirtland, Ohio, depi 1834 jiska 1835. Malgre yo te pwofitab pou doktrin ak enstriksyon, yo te wete diskou sa yo nan Doktrin ak Alyans yo depi nan edisyon 1921 an poutèt yo pa t vini oubyen prezante kòm revelasyon pou tout Legliz la.

Nan edisyon Anglè 1981 Doktrin ak Alyans yo, yo te ajoute twa dokiman pou lapremyè fwa. Se seksyon 137 ak 138 yo, ki bay deklarasyon sou prensip fondamantal sali pou mò yo; ak Deklarasyon Ofisyèl 2 a, ki anonse ke tout gason ki diy nan Legliz la kapab resevwa òdinasyon nan Prètriz la san konsiderasyon ras oswa koulè.

Nan chak nouvo edisyon Doktrin ak Alyans yo, yo te korije erè ki te fèt anvan yo epi ajoute nouvo enfòmasyon, espesyalman nan pati istorik nan antèt seksyon yo. Edisyon aktyèl la pote plis koreksyon nan dat yo ak non kote yo, e fè lòt koreksyon tou. Chanjman sa yo te fèt pou yo te ka fè liv la vin konfòm avèk enfòmasyon istorik ki gen plis presizyon. Kèk lòt nan karakteristik espesyal nan dènye edisyon sa a se kat jeyografik yo ki montre lye jeyografik enpòtan kote yo te resevwa revelasyon yo, avèk pi bon foto sou sit istorik Legliz yo, referans pa sijè, antèt seksyon, ak rezime sou divès sijè; tout bagay sa yo prepare pou ede moun k ap li yo konprann ak rejwi nan mesaj Senyè a jan yo bay li nan Doktrin ak Alyans yo. Enfòmasyon

pou antèt ki nan seksyon sa a soti nan Maniskri Istwa Legliz la ak *History of the Church* (Istwa Legliz la) (nan antèt yo, yo toujou fè referans avèk yo kòm istwa Joseph Smith) ak *Joseph Smith Papers* (Papye Joseph Smith yo).

LÒD SIJÈ YO DAPRÈ DATYO

<i>Dat</i>	<i>Kote</i>	<i>Seksyon yo</i>
1823	Septanm	Manchester, New York 2
1828	Jiyè	Harmony, Pennsylvania 3
1829	Fevriye	Harmony, Pennsylvania 4
	Mas	Harmony, Pennsylvania 5
	Avril	Harmony, Pennsylvania 6, 7, 8, 9, 10
	Me	Harmony, Pennsylvania 11, 12, 13*
	Jen	Fayette, New York 14, 15, 16, 17, 18
	Ete	Manchester, New York 19
1830		Konte Wayne, New York 74
	Avril	Fayette, New York 20*, 21
	Avril	Manchester, New York 22, 23
	Jiyè	Harmony, Pennsylvania 24, 25, 26
	Out	Harmony, Pennsylvania 27
	Septanm	Fayette, New York 28, 29, 30, 31
	Oktòb	Manchester, New York 32
	Oktòb	Fayette, New York 33
	Novanm	Fayette, New York 34
	Desanm	Fayette, New York 35*, 36*, 37*
1831	Janvyè	Fayette, New York 38, 39, 40
	Fevriye	Kirtland, Ohio 41, 42, 43, 44
	Mas	Kirtland, Ohio 45, 46, 47, 48
	Me	Kirtland, Ohio 49, 50
	Me	Thompson, Ohio 51
	Jen	Kirtland, Ohio 52, 53, 54, 55, 56
	Jiyè	Siyon, Konte Jackson, Missouri 57
	Out	Siyon, Konte Jackson, Missouri 58, 59
	Out	Independence, Missouri 60
	Out	Rivye Missouri, Missouri 61
	Out	Chariton, Missouri 62
	Out	Kirtland, Ohio 63
	Septanm	Kirtland, Ohio 64
	Oktòb	Hiram, Ohio 65, 66
	Novanm	Hiram, Ohio 1, 67, 68, 69, 70, 133
	Desanm	Hiram, Ohio 71
	Desanm	Kirtland, Ohio 72
1832	Janvyè	Hiram, Ohio 73
	Janvyè	Amherst, Ohio 75
	Fevriye	Hiram, Ohio 76
	Mas	Hiram, Ohio 77, 79, 80, 81
	Mas	Kirtland, Ohio 78

*Nan oubyen pre kote ki presize a

<i>Dat</i>	<i>Kote</i>	<i>Seksyon yo</i>
	Avril	Independence, Missouri 82, 83
	Out	Hiram, Ohio99
	Septanm	Kirtland, Ohio84
	Novanm	Kirtland, Ohio85
	Desanm	Kirtland, Ohio 86, 87*, 88
1833	Fevriye	Kirtland, Ohio89
	Mas	Kirtland, Ohio 90, 91, 92
	Me	Kirtland, Ohio93
	Jen	Kirtland, Ohio 95, 96
	Out	Kirtland, Ohio 94, 97, 98
	Oktòb	Perrysburg, New York 100
	Desanm	Kirtland, Ohio 101
1834	Fevriye	Kirtland, Ohio 102, 103
	Avril	Kirtland, Ohio 104*
	Jen	Rivye Fishing, Missouri 105
	Novanm	Kirtland, Ohio 106
1835	Avril	Kirtland, Ohio 107
	Out	Kirtland, Ohio 134
	Desanm	Kirtland, Ohio 108
1836	Janvyè	Kirtland, Ohio 137
	Mas	Kirtland, Ohio 109
	Avril	Kirtland, Ohio 110
	Out	Salem, Massachusetts 111
1837	Jiyè	Kirtland, Ohio 112
1838	Mas	Far West, Missouri 113*
	Avril	Far West, Missouri 114, 115
	Me	Spring Hill, Konte Daviess, Missouri 116
	Jiyè	Far West, Missouri 117, 118, 119, 120
1839	Mas	Liberty Jail, Konte Clay, Missouri 121, 122, 123
1841	Janvyè	Nauvoo, Illinois 124
	Mas	Nauvoo, Illinois 125
	Jiyè	Nauvoo, Illinois 126
1842	Septanm	Nauvoo, Illinois 127, 128
1843	Fevriye	Nauvoo, Illinois 129
	Avril	Ramus, Illinois 130
	Me	Ramus, Illinois 131
	Jiyè	Nauvoo, Illinois 132
1844	Jen	Nauvoo, Illinois 135
1847	Janvyè	Winter Quarters (kounyeya Nebraska) 136
1890	Oktòb	Salt Lake City, Utah Deklarasyon Ofisyèl 1
1918	Oktòb	Salt Lake City, Utah 138
1978	Jen	Salt Lake City, Utah Deklarasyon Ofisyèl 2

*Nan oubyen pre kote ki prezize a

DOKTRIN AK ALYANS YO

SEKSYON 1

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la, te resevwa premye Novanm 1831, pandan yon konferans espesyal pou ansyen yo nan Legliz la, ki te fèt nan Hiram, Ohio. Li te resevwa anpil revelasyon nan men Senyè a anvan lè sa a, epi konpilasyon revelasyon sa yo pou piblikasyon sou fòm liv te youn nan sijè prensipal ki te pale nan konferans lan. Seksyon sa a reprezante prefas Senyè a pou doktrin yo, alyans yo, ak kòmandman li te bay yo nan dispansasyon sa a.

1–7, *Vwa avètisman an se pou tout pèp; 8–16, Apostazi ak mechanste rive anvan Dezyèm Vini an; 17–23, Joseph Smith resevwa apèl pou l re-tabli verite ak pouvwa Senyè a sou tè; 24–33, Joseph Smith pibliye Liv Mòmmon an e li tabli vrè Legliz la; 34–36, P ap gen lapè sou tè a ankò; 37–39, Sonde kòmandman sa yo.*

KOUTE, nou menm pèp “le-gliz mwen an, vwa sila a ki rete anlè a, ki gen ^bje sou tout moun, di; Wi an verite “Koute, nou menm pèp ki lwen yo; ak nou menm ki nan zile nan lanmè yo, nou tout vin tandè.

2 Paske an verite, vre “vwa Senyè a ale jwenn tout moun, e ^bpèsonn p ap chape; e pa gen okenn je ki p ap wè, ni zòrèy ki p ap tandè, ni ^ckè ki p ap penetre.

3 E moun ki “rebèl yo pral pèsè avèk anpil lapenn; paske moun pral ^bdevwale inikite yo sou tè

kay yo, e Senyè a pral mete aksyon sekrè moun yo deyò.

4 Epi “vwa avètisman an pral jwenn tout moun, nan bouch disip mwen yo ke m te chwazi nan ^bdènje jou sa yo.

5 Yo pral epi avanse e pèsòn p ap kapab anpeche yo, paske mwen menm Senyè a m te kòmande yo.

6 Gade, se sa a “otorite m, ak otorite sèvitè m yo, ak prefas mwen pou liv kòmandman m yo, m te ba yo pou yo ^bpibliye a, pou nou menm, abitan tè yo.

7 Se poutèt sa, se pou nou gen “lakrent epi tranble, nou menm pèp la, paske sa mwen menm Senyè a m te dekrete ladan yo a pral ^bakonpli.

8 Epi an verite m di nou, moun ki ale pou pote bòn nouvèl sa yo bay abitan tè a, moun sa yo resevwa pouvwa pou yo “sele sou tè a tankou nan syèl la, enkwayan yo ak ^brebèl yo;

1 1a 3 Ne. 27:3;

D&A 20:1.

GE Legliz Jezikri.

b D&A 38:7–8.

GE Bondye, Divinite.

c Det. 32:1.

2a D&A 133:16.

b Filip. 2:9–11.

c GE Kè.

3a GE Rebelyon.

b Lik 8:17; 12:3;

2 Ne. 27:11;

Mòm. 5:8.

4a Ezek. 3:17–21;

D&A 63:37.

GE Avèti, avètisman;

Travay misyonè.

b GE Dènje jou yo.

6a GE Jezikri—Otorite.

b D&A 72:21.

7a Det. 5:29; Ekl. 12:13.

b D&A 1:38.

8a GE Sele, sèlman.

b GE Rebelyon.

9 Wi, an verite, pou sele yo nèt pou jou lè “kòlè Bondye pral vide sou ^bmechan yo san mezi a—

10 Pou “jou lè Senyè a pral vini pou l ^brekonpanse chak moun daprè ‘zèv yo, e pou ^dmezire chak moun daprè mezi yo te mezire pwochen yo a.

11 Se poutèt sa, vwa Senyè a ale jisnan bout tè a, pou tout moun ki vle tande kapab tande:

12 Pare nou, pare nou pou sa ki pral rive a, paske Senyè a pre;

13 “Kòlè Senyè a limen, ^bepe l benyen nan syèl la, e li pral tonbe sou abitan tè yo.

14 Epi Senyè a pral revele “bra l e jou senyè a pral rive pou li ^bmete deyò pami pèp li a moun ki pa “tande vwa li, ni vwa sèvitè l yo, ki pa vle ^dkoute pawòl pwofèt yo ak apot yo.

15 Paske yo “detounen lwen ^bòdonans mwen yo, epi yo “vyole ^dalyans etènèl mwen yo.

16 Yo pa “chèche Senyè a pou yo tabli lajistis li, men chak moun mache nan ^bpwòp “chemen pa l, daprè ^dimaj pwòp bondye li, imaj ki gen resanblans ak mond lan, epi ki gen nati yon

idòl, yon idòl k ap “vyeyi epi ki pral peri nan ^fBabilòn, gran Babilòn sa ki pral tonbe a.

17 Se poutèt sa, mwen menm Senyè a, paske m konnen kalamiye ki dwe tonbe sou “abitan tè yo, m te rele sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, epi m te pale avèk li depi nan syèl la, epi m te ba li kòmandman yo.

18 Epi m te bay lòt moun kòmandman yo tou pou yo pwoklame bagay sa yo nan mond lan; epi tout sa fèt pou sa pwofèt yo te ekri yo kapab akonpli—

19 Bagay “fèb yo nan mond lan pral avanse pou kraze sa ki fò yo, pou lòm pa konseye pwochen l, ni tou pou l pa ^bkwè nan bra lachè—

20 Men pou chak moun kapab “pale nan non Senyè Bondye a, Sovè mond lan menm;

21 Pou lafwa kapab ogmante sou tè a tou;

22 Pou “alyans etènèl mwen an kapab tabli;

23 Pou moun ki “fèb yo ak moun ki senp yo kapab ^bpwoklame plenitid ^dlevanjil mwen an jis nan bout tè a, epi devan wa yo ak gouvènè yo.

9a Apok. 19:15–16;
1 Ne. 22:16–17.

b Mozya 16:2;
M—JS 1:31, 55.

10a GE Dezyèm
Vini Jezikri.

b Ezek. 7:4;
D&A 56:19.
GE Jezikri—Jij.

c Pwov. 24:12;
Alma 9:28; 41:2–5;
D&A 6:33.

d Mat. 7:2.

13a D&A 63:6.

b Ezek. 21:3;
D&A 35:14.

14a Eza. 53:1.

b D&A 11:2.

c 2 Ne. 9:31;
Mozya 26:28.

d Tra. 3:23;
Alma 50:20;
D&A 50:8; 56:3.

15a Joz. 23:16; Eza. 24:5.

b GE Odonans yo.
c GE Apostazi.

d GE Nouvo alyans
etènèl.

16a Mat. 6:33.

b Eza. 53:6.

c D&A 82:6.

d Egz. 20:4;
3 Ne. 21:17.

GE Idolatri.

e Eza. 50:9.

f D&A 64:24; 133:14.
GE Babel, Babilòn;
Mondanite.

17a Eza. 24:1–6.

19a Tra. 4:13; 1 Kor. 1:27;
D&A 35:13; 133:58–59.
GE Dou, dousè.

b 2 Ne. 28:31.
GE Konfyans, konfyè.

20a GE Temwaye.

22a D&A 39:11.
GE Alyans;
Nouvo alyans etènèl.

23a 1 Kor. 1:26–29.

b GE Travay misyonè.
c GE Levanjil.

24 Gade, m se Bondye epi m te di sa; “kòmandman sa yo soti nan mwen, epi m te bay sèvitè m yo kòmandman sa yo nan feblès yo, dapre ^blangaj pa yo, pou yo kapab rive ^ckonprann.

25 Epi toutotan yo fè erè pou yo kapab konnen;

26 Epi toutotan yo chèche ^alasajès pou yo kapab vin enstwi;

27 Epi toutotan yo fè peche pou yo kapab gen ^achatiman pou yo ka ^brepanti;

28 Epi toutotan yo gen ^aimilite pou yo kapab vin fò, pou yo resevwa benediksyon ki soti anwo, epi pou yo resevwa ^bkonesans tantantan;

29 Epi apre l fin resevwa rejis Nefit yo, wi, pou sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, kapab gen pouvwa pou l tradui ^aLiv Mòmmon an pa mizèrikòd Bondye, avèk pouvwa Bondye.

30 Epi tou pou moun ki te resevwa kòmandman sa yo kapab gen ^apouvwa pou yo poze fondasyon ^blegliz sa a, epi pou yo fè l soti nan tenèb ak ^cfènwa, sèl ^alegliz vrè epi vivan ki sou tout sifas tè a legliz sa a ki fè mwen

menm Senyè a ^cplèzi a mwen vle di tou, m ap pale avèk tout moun nan legliz la men pa avèk yon grenn moun—

31 Paske mwen menm Senyè a m pa kapab gade ^apeche ak okenn degre tolerans;

32 Malgre sa, yon moun ki repanti epi ki obeyi kòmandman Senyè a l ap jwenn ^apadon;

33 Epi Senyè tout Lame yo di konsa, yon moun ki pa ^arepanti, y ap ^bpran nan men l menm limyè li te resevwa a; paske ^cLespri m p ap ^alite tout tan avèk lòm.

34 Epi ankò, m di, O abitan tè yo: Mwen menm Senyè a m vle fè ^atout moun konnen bagay sa yo;

35 Paske m pa fè ^aeksepsyon moun, epi m vle pou tout moun konnen ^bjou a ap vini ak tout vitès; lè a poko rive, men li tou pre, pou pa gen ^clapè sou tè a, epi ^adyab la pral gen pouvwa sou pwòp teritwa li.

36 Epi tou Senyè a pral gen pouvwa sou ^asen li yo, li pral ^brenye nan ^cmitan yo, epi li pral desann nan ^ajijman sou ^cIdime, oubyen mond lan.

24a 2 Ne. 33:10–11;
Mowo. 10:27–28.
b 2 Ne. 31:3; Etè 12:39.
c D&A 50:12.

GE Konpreyansyon.
26a Jak 1:5; D&A 42:68.
GE Sajès.

27a GE Chatye, chatiman.
b GE Repantans, repanti.

28a GE Enb, imilite.
b GE Konesans.

29a GE Liv Mòmmon.

30a D&A 1:4–5, 17–18.
b GE Legliz Jezikri pou Sen Dènne Jou yo;
Retablisman
levanjil la.

c GE Tenèb, espiritiyèl.
d Efe. 4:5, 11–14.
GE Legliz, siy verite a.
e D&A 38:10.
31a Alma 45:16; D&A 24:2.
GE Peche.
32a D&A 58:42–43.
GE Padon.
33a Mozya 26:32.
b Alma 24:30;
D&A 60:2–3.
c GE Sentespri.
d Jen. 6:3; 2 Ne. 26:11;
Mòm. 5:16; Etè 2:15;
Mowo. 9:4.
34a Mat. 28:19;
D&A 1:2; 42:58.

35a Det. 10:17; Tra. 10:34;
Mowo. 8:12;
D&A 38:16.
b GE Dènne jou yo.
c D&A 87:1–2.
GE Lapè;
Siy tan yo.
d GE Dyab.
36a GE Sen (non).
b GE Jezikri—
Gouvènman
Milenyòm Kris la.
36c Zak. 2:10–11;
D&A 29:11;
84:118–119.
d GE Jij, jijman.
e GE Mond.

37 Sonde “kòmandman sa yo, paske yo vrè epi yo fidèl, epi pwofesi ak ^bpwomès ki ladan yo pral akonpli nèt.

38 Sa mwen menm Senyè a m te di a, m te di l, m pa mande eskiz; epi menm si syèl yo ak tè a pase, “pawòl mwen yo p ap

pase, men yo tout pral ^bakonpli kit se avèk pwòp “vwa pa m oubyen avèk vwa ^dsèvitè m yo, se “menm bagay la.

39 Paske gade, gade, Senyè a se Bondye, epi ^aLespri a rann temwayaj, epi temwayaj la ^bvrè, epi verite a rete pou tout tan. Amèn.

SEKSYON 2

Yon ekstrè ki soti nan istwa Joseph Smith ki gen rapò avèk pawòl zanj Mowoni te di Pwofèt Joseph Smith yo, pandan Pwofèt la te lakay papa l nan Manchester, New York, nan aswè 21 Septanm 1823 a. Mowoni te dènye nan pami yon bann istoryen ki te fè rejis ki devan mond lan jodi a sou fòm Liv Mòmmon an. (Konpare Malachi 4:5–6; epi seksyon 27:9; 110:13–16; ak 128:18.)

1, Eli gen pou l revele prèttriz la; 2–3, Pwomès papa yo plante nan kè pitit yo.

GADE, m ap revele prèttriz la banou, anba men ^aEli, pwofèt la, anvan ^bgwo jou terib Senyè a rive.

2 E ^ali pral plante ^bpwomès papa yo te resevwa yo nan kè pitit yo, e kè pitit yo pral vire sou papa yo.

3 Si se pa t sa, tout tè a t ap gaspiye nèt lè li vini.

SEKSYON 3

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Harmony, Pennsylvania, an Jiyè 1828, konsènan 116 paj dokiman ki te pèdi, dokiman ki te tradui nan premye pati Liv Mòmmon an, ki te rele Liv Leyi a. Kont pwòp volonte pa l, kontre limenm Pwofèt la te kite paj sa yo soti nan men l pou ale nan men Martin Harris, ki te sèvi kòm grefye nan tradiksyon Liv Mòmmon an pou yon peryòd brèf. Li te resevwa revelasyon an pa mwayen Ourim ak Toumim nan. (Gade seksyon 10 la.)

37a GE Ekriti yo.

b D&A 58:31; 62:6; 82:10.

38a 2 Wa 10:10;

Mat. 5:18; 24:35;

2 Ne. 9:16; M—JS 1:35.

b D&A 101:64.

c Det. 18:18;

D&A 18:33–38; 21:5.

GE Revelasyon; Vwa.

d GE Pwofèt.

e GE Otorite;

Soutni dirijan

legliz yo.

39a 1 Jn. 5:6;

D&A 20:27; 42:17.

b GE Verite.

2 1a Mal. 4:5–6;

3 Ne. 25:5–6;

D&A 110:13–15; 128:17;

I—JS 1:38–39.

GE Eli (Pwofèt Ansyen

Testaman an);

Kle prèttriz la.

b D&A 34:6–9; 43:17–26.

2a D&A 27:9; 98:16–17.

b GE Sali pou mò;

Sele, sèlman.

1-4, *Chemen Senyè a se yon wonn etènèl*; 5-15, *Joseph Smith dwe repanti oubyen l ap pèdi don pou l tradui a*; 16-20, *Liv Mòmmon an vini pou l sove desandan Leyi yo.*

“TRAVAY, ak entansyon ak objektif Bondye pa kapab kontrarye, ni yo pa kapab pase pou anyen.

2 Paske “Bondye pa mache nan chemen kwochi, li pa vire ni adwat ni agoch, li pa chanje nan sa l te di, se poutèt sa chemen li yo dwat, epi ^bwout li se yon wonn etènèl.

3 Sonje, sonje se pa “travay Bondye ki kontrarye, men se travay lèzòm;

4 Paske, malgre yon moun kapab gen anpil revelasyon, ak pouvwa pou l fè anpil gwo travay, malgre sa, si l “fè lwanj pou fòs pa l, e li pa pran ^bkonsèy Bondye yo pou anyen, e si l suiv dikte ki sot nan volonte pa l ak dezi ^cchanèl li, li dwe sipòte “vanjans yon Bondye ki jis sou tèt li.

5 Gade, m te konfye li bagay sa yo, men kòmandman m te ba ou yo te estrik anpil; epi sonje tou pwomès ou te resevwa yo, si ou pa t transgrese yo.

6 Epi gade, konbyen fwa ou te “transgrese kòmandman ak

lalwa Bondye yo, epi ou te kite lèzòm ^bpèsyade li.

7 Paske, gade, ou pa t dwe “pè lèzòm plis pase Bondye. Malgre lèzòm pa pran konsèy Bondye pou anyen, epi yo ^bmeprize pa wòl li yo.

8 Men, Ou te dwe rete fidèl; e li t ap lonje bra li pou l sipòte w kont “flèche dife ^badvèsè a; e li t ap avèk ou chak fwa ou gen ^cpwoblèm.

9 Gade, ou rele Joseph, e Bondye te chwazi w pou ou fè travay Senyè a, men akoz transgresyon, si ou pa fè atansyon w ap tonbe.

10 Men sonje, Bondye gen mi-zèrikòd; se poutèt sa, repanti pou sa ou te fè ki kontrè ak kòmandman m te ba ou a, e Bondye te toujou chwazi w, epi ou resevwa apèl ankò pou ou fè travay la;

11 Si ou pa fè sa, m ap lage w epi w ap vin tankou lòt moun, epi ou p ap gen don ankò.

12 Epi lè w te lage bagay Bondye te ba ou a, vizyon ak pouvwa pou ou “tradui a, ou te lage bagay ki te sakre a nan men yon ^bnonm mechan,

13 Ki pa pran konsèy Bondye yo pou anyen, ki te vyole pwomès ki pi sakre yo, ki te fèt

3 1a Sòm 8:3-9;
D&A 10:43.

2a Alma 7:20.
GE Bondye, Divinite.
b 1 Ne. 10:18-19;
D&A 35:1.

3a Tra. 5:38-39;
Mòm. 8:22;
D&A 10:43.

4a D&A 84:73.
GE Lògèy.
b Jakòb 4:10;

Alma 37:37.
GE Konsèy (non);
Kòmandman
Bondye yo.
c GE Chanèl.
d GE Vanjans.

6a D&A 5:21;
1-JS 1:28-29.
b D&A 45:29; 46:7.

7a Sòm 27:1;
Lik 9:26;
D&A 122:9.

GE Kouraj, ankouraje;
Krent, krentif.
b Lev. 26:42-43;
1 Ne. 19:7;
Jakòb 4:8-10.

8a Efe. 6:16;
1 Ne. 15:24;
D&A 27:17.

b GE Dyab.
c Alma 38:5.
12a D&A 1:29; 5:4.
b D&A 10:6-8.

devan Bondye, epi ki te konte sou pwòp jijman pa l, epi ki te “fè lwanj pou pwòp lasajès pa l.

14 Epi se poutèt rezon sa a ou te pèdi privilèj ou yo pou yon sezon—

15 Paske ou te kite moun pilonnen konsèy “direktè w la depi nan kòmansman.

16 Men, travay mwen pral mache, paske menm jan konesans “Sovè a te vini nan mond lan, pa ^btemwayaj Juif yo, konsa ^ckonesans Sovè a pral vin jwenn pèp mwen an—

17 Ak “Nefit yo, ak Jakobit yo, ak Jozefit yo, ak Zoramit yo, pa temwayaj papa yo—

18 Epi “Lamanit yo pral gen konesans ^btemwayaj sa a, ak

Lemyelit yo, ak Ismayelit yo, ki te ^cdejenere nan enkredilite poutèt inikite papa yo, a yo menm Senyè a te kite ^ddetwi frè yo, Nefit yo, poutèt inikite yo ak abominasyon yo.

19 Epi se nan “bi sa yo, ki gen ladan yo ^brejis sa yo te prezève— pou ^cpwomès Senyè a te fè pèp li a te kapab akonpli;

20 Epi pou “Lamanit yo kapab vin gen konesans sou papa yo, pou yo kapab konnen pwomès Senyè a, pou yo kapab ^bkwè nan levanjil la, epi pou yo kapab ^ckonte sou merit Jezikri, pou yo kapab ^dglorifye pa lafwa nan non l, epi pou yo kapab sove pa repantans yo. Amèn.

SEKSYON 4

Revelasyon Joseph Smith Pwofèt la te resevwa pou papa l, Joseph Smith, papa a, nan Harmony, Pennsylvania, an Fevriye 1829.

1–4, *Sèvis vanyan sove sèvitè Senyè a; 5–6, Atribi divèn yo kalifye yo pou sèvis la; 7, Yo òwe chèche bagay Bondye yo.*

KOUNYEYA gade, yon “travay mèveye pral fèt nan pami pitit lèzòm yo.

2 Se poutèt sa, O, ou menm ki anbake nan “sèvis Bondye a, chèche pou ou ^bsèvi l avèk tout ^ckè ou, tout pouvwa ou, tout panse ou, ak tout fòs ou, pou ou kapab kanpe san ^drepwòch devan Bondye nan dènye jou a.

3 Se poutèt sa, si ou gen dezi

13a GE Lògèy.

15a svd Senyè a.

16a GE Sovè.

b 1 Ne. 13:23–25;

2 Ne. 29:4–6.

c Mozya 3:20.

17a 2 Ne. 5:8–9.

18a 2 Ne. 5:14;

Enòs 1:13–18.

b GE Liv Mòmmon.

c 2 Ne. 26:15–16.

d Mòm. 8:2–3.

19a 1 Ne. 9:3, 5.

b GE Plak lò yo.

c 3 Ne. 5:14–15;

D&A 10:46–50.

20a 2 Ne. 30:3–6;

D&A 28:8; 49:24.

b Mòm. 3:19–21.

c 2 Ne. 31:19;

Mowo. 6:4.

d Mowo. 7:26, 38.

4 1a Eza. 29:14;

1 Ne. 14:7; 22:8;

D&A 6:1; 18:44.

GE Retablisman

levanjil la.

2a GE Sèvis.

b Joz. 22:5;

1 Sam. 7:3;

D&A 20:19; 76:5.

c GE Kèl; Panse (lespri).

d 1 Kor. 1:8;

Jakòb 1:19;

3 Ne. 27:20.

pou ou sèvi Bondye, ou resevwa
 “apèl pou ou travay;

4 Paske gade, “jaden an deja
 mi pou ^brekòlte; epi gade, yon
 moun ki manche kouto digo l
 avèk pouvwa l, moun sa a ^cfe
 entansyon pou l pa peri, men, li
 pote sali pou nanm li;

5 Epi ^alafwa, ^blesperans, ^ccha-
 rite ak ^dlanmou, nan yon sèl

^eentansyon pou ^flaglwa Bondye,
 kalifye l pou travay la.

6 Sonje lafwa, ^avèti, konesans,
 tanperans, ^bpasyans, jantiyès fra-
 tènèl, sentete, charite, ^cimilite,
^ddilijans.

7 “Mande, epi w ap resevwa;
 frape, epi y ap louvri pou ou.
 Amèn.

SEKSYON 5

*Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Harmony, Penn-
 sylvania, an Mas 1829, sou demann Martin Harris.*

1–10, *Jenerasyon sa a pral resevwa
 pawòl Senyè a pa lantremiz Joseph
 Smith; 11–18, Twa temwen pral te-
 mwaye konsènan Liv Mòmmon an;
 19–20, Pawòl Bondye a pral veri-
 fye menm jan avèk nan tan lontan;
 21–35, Martin Harris kapab re-
 panti e li kapab vin tounen youn
 nan temwen yo.*

GADE, m di li, kòm sèvitè m nan,
 “Martin Harris vle yon temwayaj
 nan men m, ke oumenm, Sèvitè
 m nan Joseph Smith, pitit la, te
 resevwa ^bplak ou temwaye e sè-
 tifye ke ou te resevwa nan men
 m yo;

2 Epi kounyeya, gade, men sa

pou ou di l—moun ki te pale
 avèk ou a te di ou: Mwen menm,
 Senyè a, m se Bondye, e m te ba
 ou menm, Joseph Smith, pitit la,
 sèvitè m nan bagay sa yo, e m te
 kòmande w li pou ou sèvi kòm
 “temwen pou bagay sa yo;

3 Epi m te fè w fè yon alyans
 avèk mwen, pou ou pa montre
 pèsonn plak yo eksepte “moun
 m kòmande w yo; epi ou pa gen
^bpouvwa sou yo eksepte si m ba
 ou pouvwa.

4 Epi ou gen don pou ou tradui
 plak yo; epi se premye don m te
 ba ou; epi m te kòmande ou pou
 ou pa pretann ou gen okenn lòt
 don jistan objektif mwen akonpli

3a D&A 11:4, 15;
 36:5; 63:57.
 GE Aple, Bondye
 te aple, apèl.

4a Jan 4:35;
 Alma 26:3–5;
 D&A 11:3; 33:3, 7.

b GE Rekòt.
 c 1 Tim. 6:19.

5a GE Lafwa.
 b GE Esperans.
 c GE Charite.

d GE Lanmou, renmen.
 e Sòm 141:8;
 Mat. 6:22;
 Mòm. 8:15.

f GE Glwa.
 6a GE Vèti.
 b GE Pasyans.
 c GE Enb, imilite.
 d GE Dilijans.

7a Mat. 7:7–8;
 2 Ne. 32:4.
 GE Priyè.

5 1a D&A 5:23–24;
 I—JS 1:61.

b GE Plak lò yo.

2a GE Temwen.

3a 2 Ne. 27:13. Gade
 tou nan “Temwayaj
 Twa Temwen yo”
 ak “Temwayaj Yuit
 Temwen yo” ki
 nan kòmansman
 Liv Mòmmon an.

b 2 Ne. 3:11.

nan bagay sa a; paske m p ap ba ou okenn lòt don jistan sa a fini.

5 An verite, m di ou konsa, malè pral tonbe sou abitan tè yo si yo "pa koute pawòl mwen yo;

6 Paske, depi kounyeya m pral "òdone ou epi ou pral mache bay pitit lèzòm yo ^bpawòl mwen yo.

7 Gade, si yo pa vle "kwè pawòl mwen yo, yo pa t ap kwè ou, sèvitè m nan, Joseph, menm si l ta posib pou ou montre yo tout bagay m te konfyè nan men ou yo.

8 O, jenerasyon "enkredil ak ^bkou rèd sa a—kòlè m limen kont yo.

9 Gade, an verite m di ou konsa, m "rezève bagay sa yo m te konfyè w la, sèvitè m nan, Joseph, nan yon bi ki saj ki nan mwen, e m ap fè jenerasyon ou yo konnen l;

10 Men, jenerasyon sa a pral gen pawòl mwen pa lantremiz oumenm;

11 Epi temwayaj ou pral adisyone avèk "temwayaj twa nan sèvitè m yo, sèvitè m pral bay apèl epi m pral òdone, m pral montre yo bagay sa yo, epi yo pral avanse avèk pawòl mwen yo ki vini pa lantremiz oumenm.

12 Wi, yo pral konnen an verite bagay sa yo se verite, paske m pral deklare yo li depi nan syèl la.

13 M pral ba yo pouvwa pou yo kapab gade epi pou yo kapab wè bagay sa yo jan yo ye a;

14 Epi m p ap bay "okenn lòt moun pouvwa sa a, pou yo resevwa menm temwayaj sa a nan jenerasyon sa a, kote ^blegliz mwen an kòmanse ap leve epi grandi soti nan dezè a—klè tankou "lalin nan, briyan tankou solèy la, epi terib tankou yon lame anba banyè l yo.

15 Epi m pral voye temwayaj twa "temwen avèk pawòl mwen.

16 Epi gade, tout moun ki "kwè pawòl mwen yo, m ap ^bvizite yo avèk "manifestasyon "Lespri m; epi y ap pran "nesans nan mwen, menm avèk dlo epi avèk Lespri a—

17 Epi ou dwe rete tann pou yon ti tan ankò, paske ou poko "òdone—

18 Epi temwayaj yo tou prale pou "kondanasyon jenerasyon sa si yo fè kè di kont yo;

19 Paske yon "malediksyon dezolasyon pral gaye nan mitan abitan tè yo, epi li pral kontinye simaye tanzantan, si yo pa

5a Jer. 26:4-5;
Alma 5:37-38;
D&A 1:14.

6a D&A 20:2-3.
GE Òdinasyon, òdone.
b 2 Ne. 29:7.

7a Lik 16:27-31;
D&A 63:7-12.

8a GE Enkredilite.
b Mòm. 8:33.
GE Lògèy.

9a Alma 37:18.
11a 2 Ne. 27:12;

Etè 5:3-4;
D&A 17:1-5.

14a 2 Ne. 27:13.
b GE Legliz Jezikri;
Retablisman
levanjil la.

c D&A 105:31; 109:73.
15a D&A 17.

GE Temwen Liv
Mòmmon yo.

16a Etè 4:11.
b 1 Ne. 2:16.
c D&A 8:1-3.

d GE Sentespri.
e GE Batèm, batize;
Don Sentespri;
Fèt ankò, fèt
nan Bondye.

17a GE Òdinasyon, òdone;
Otorite.

18a 1 Ne. 14:7;
D&A 20:13-15.

19a D&A 29:8; 35:11;
43:17-27.
GE Dènye jou yo;
Siy tan yo.

^brepanti, jistan tè a vin ^cvid, epi abitan yo konsonmen nèt ale, epi m detwi nèt devan ekla ^daparisyon.

20 Gade, m di ou bagay sa yo, menm jan m te ^apale pèp la konsènan destriksyon Jerizalèm nan; epi ^bpawòl mwen yo pral verifye kounyeya menm jan yo te verifye l la.

21 Epi kounyeya m kòmande ou, Joseph, sèvitè m nan, pou ou repanti epi pou ou mache pi dwat devan m, epi pou ou pa kite lèzòm pèsyade ou ankò;

22 Epi pou ou rete fèm nan ^arespekte kòmandman m te ba ou yo; epi si ou fè sa, gade, m ap ba ou lavi etènèl, menm si moun ta ^btouye ou.

23 Epi kounyeya, m pale avèk ou ankò, Joseph, sèvitè m nan, konsènan ^amoun sa a ki vle yon temwayaj la—

24 Gade, m di l konsa, li egzalte tèt li e li pa gen ase imilite devan m; men si l koube devan m, e imilye tet li nan gwo priyè ak lafwa ak kè sensè, lè sa a m ap fè l ^awè bagay li vle wè yo.

25 Epi apre sa, li pral di moun nan jenerasyon sa a: Gade, m te wè bagay Senyè a te montre Joseph Smith, pitit la, epi m ^akonnen an verite yo se verite, paske m te wè yo, paske se pouvwa Bondye ki te montre m yo; se pa t pouvwa lòm.

26 Epi mwen menm Senyè a,

m kòmande l, Martin Harris, sèvitè m nan, pou l pa pale konsènan bagay sa yo ankò, eksepte si l ap di: M te wè yo, e se pouvwa Bondye ki te fè m wè yo; e se pawòl sa yo li dwe di.

27 Men si l nye sa, l ap vyole alyans li te fè avèk mwen an, epi gade, li kondane.

28 Epi kounyeya, si l pa imilye tet li e si l pa rekonèt bagay li te fè mal yo devan m, e si l pa fè alyans avèk mwen pou l respekte kòmandman m yo, e si l pa egzèsè lafwa nan mwen, gade, m di l konsa, li p ap wè okenn bagay, paske m p ap kite l wè anyen konsènan bagay m te pale yo.

29 Epi si se sa, m kòmande ou, Joseph, sèvitè m nan, pou ou di l pa fè sa ankò, epi tou pou l pa nwi m ankò konsènan bagay sa a.

30 Epi si se sa, gade, m ap di ou Joseph, lè ou fin tradui kèk paj anplis, sispann pandan yon sèten tan, jistan m kòmande ou ankò; apre sa ou kapab tradui ankò.

31 Epi, gade, si ou pa fè sa, ou p ap gen don ankò, epi m ap pran bagay m te konfyè ou yo.

32 Epi kounyeya, paske m prevwa moun pral fè konplo pou yo detwi ou, wi, m prevwa, si sèvitè m Martin Harris, pa imilye tèt li epi resevwa yon temwayaj nan men m, l ap tonbe nan transgresyon;

19^b GE Repantans, repanti.
^c Eza. 24:1, 5–6.
^d Eza. 66:15–16; D&A 133:41.
 GE Dezyèm Vini Jezikri.

20^a 1 Ne. 1:18;
 2 Ne. 25:9.
^b D&A 1:38.
 22^a GE Obeyi, obeyisan, obeyisans.
^b Alma 60:13; D&A 6:30; 135.

23^a D&A 5:1.
 24^a Gade nan “Temwayaj Twa Temwen yo” nan kòmansman Liv Mòmmon an.
 25^a Etè 5:3.

33 Epi gen anpil moun k ap fè konplo pou ^adetwi ou sou sifas tè a; epi se poutèt sa, pou lavi w kapab pwolonje, m te ba ou kòmandman sa yo.

34 Wi, se poutèt sa m te di: Sispann, epi rete dousman jistan m

kòmande ou, epi m ap ^afè mwayen pou ou kapab akonpli bagay m te kòmande w yo.

35 Epi si ou respekte kòmandman m yo avèk ^alafwa, m ap ^bleve ou nan dènye jou a. Amèn.

SEKSYON 6

Revelasyon Joseph Smith ak Oliver Cowdery te resevwa, nan Harmony, Pennsylvania, an Avril 1829. Oliver Cowdery te kòmanse travay li kòm grefye nan tradiksyon Liv Mòmmon an, 7 Avril 1829. Li te deja resevwa yon manifestasyon divèn konsènan verite temwayaj Pwofèt la sou zafè plak ki te gen rejis Liv Mòmmon an ekri sou yo a. Pwofèt la te mande Senyè a pa mwayen Ourim ak Toumim nan epi li te resevwa repons sa a.

1–6, *Travayè nan jaden Senyè a yo gen sali; 7–13, Pa gen pi gran don pase don sali a; 14–27, Temwayaj konsènan verite a vini pa mwayen pouwwa Lespri a; 28–37, Gade sou Kris la, epi fè byen tout tan.*

YON gwo ^atravay mèveye pral fèt pou pitit lèzòm yo.

2 Gade, m se Bondye; koute ^apawòl mwen, ki rapid ki pisan, pi ^bfile pase yon epe de bò, ki kapab divize jwenti yo ak mwèl a an de; se poutèt sa, koute pawòl mwen yo.

3 Gade, ^ajaden an deja mi pou rekòlte; se poutèt sa, nenpòt moun ki vle rekòlte, se pou l

manche kouto digo l avèk fòs li, epi pou l rekòlte pandan l fè jou a, pou l kapab ranmase trezò sali etènèl pou nanm li nan wayòm Bondye a.

4 Wi, nenpòt moun ki ^amanche kouto digo l epi ki rekòlte, moun sa a resevwa apèl nan men Bondye.

5 Se poutèt sa, si nou ^amande m n ap resevwa; si nou frape, y ap louvri pou nou.

6 Kounyeya, kòm nou te mande, gade, m di nou konsa, respekte kòmandman m yo, e ^achèche fè vanse epi tabli kòz ^bSiyon an;

7 Pa ^achèche ^brichès, men

33a D&A 10:6; 38:13, 28.

34a 1 Ne. 3:7.

35a Egz. 15:26; D&A 11:20.

^b Jan 6:39–40;

1 Tes. 4:17; 3 Ne. 15:1;

D&A 9:14; 17:8;

75:16, 22.

6 1a Eza. 29:14;

D&A 4; 18:44.

2a Ebre 4:12; Apok. 1:16;

D&A 27:1.

^b Ela. 3:29; D&A 33:1.

3a Jan 4:35; D&A 31:4;

33:3; 101:64.

4a Apok. 14:15–19;

Alma 26:5;

D&A 11:3–4, 27.

5a Mat. 7:7–8.

6a 1 Ne. 13:37.

^b GE Siyon.

7a Alma 39:14;

D&A 68:31.

^b 1 Wa 3:10–13;

Mat. 19:23;

Jakòb 2:18–19.

GE Mondanite;

Richès.

chèche ‘lasajès, epi gade, ^amistè Bondye yo ap louvri devan nou, e apre sa nou pral vin rich. Gade, yon moun ki gen ‘lavi etènèl se yon moun rich.

8 An verite, an verite, m di nou konsa, jan nou vle l nan men m nan se konsa nou jwenn li; epi si nou vle, nou sèvi kòm mwanyen pou fè anpil byen nan jenerasyon sa a.

9 Pa di jenerasyon sa a anyen eksepté “repantans; respekte kòmandman m yo, potekole pou fè travay mwen an avanse, daprè kòmandman m yo, epi n ap beni.

10 Gade, ou gen yon don, epi ou beni poutèt don w lan. Sonje, li “sakre epi li soti nan syèl la—

11 Epi si ou “mande, w ap konnen ^bmistè ki gran epi ki mèveye; se poutèt sa, egzèsè ‘don w lan, pou ou kapab dekouvri mistè, pou ou kapab mennen anpil moun nan konesans verite a, wi, “konvenk yo pou yo konnen erè ki nan chemen yo a.

12 Pa kite okenn moun konnen don w lan eksepté moun ki gen lafwa menm avèk ou. Pa betize avèk bagay “sakre.

13 Si ou fè byen, wi, epi “rete ^bfidèl jiska ‘lafen, w ap sove nan wayòm Bondye a, ki se pi gwo don pase tout lòt don Bondye

yo; paske pa gen okenn don ki pi gwo pase don ^dsali a.

14 An verite, an verite, m di w, ou beni poutèt sa w te fè a; paske w te “mande m, epi, gade, toutotan ou te mande ou te resevwa enstriksyon nan men Lespri m. Si se pa t sa, ou pa t ap rive nan pozisyon ou ye kounyeya.

15 Gade, ou konnen ou te mande m e m te klere “panse w; e kounyeya, m di ou bagay sa yo pou kapab konnen se Lespri verite a ki te klere ou;

16 Wi, m di ou, ou kapab konnen pa gen okenn lòt moun eksepté Bondye ki “konnen panse ou ak entansyon ki nan ^bkè ou.

17 M di ou bagay sa yo kòm yon temwanjaj pou fè konnen pawòl oubyen liv w ap ekri a se “verite.

18 Se poutèt sa, fè “diligans; ^brete bò kote Joseph, sèvitè m nan fidèlman, nan nenpòt sikonstans difisil li kapab ye pou byen pawòl la.

19 Reprimande l nan erè li yo epi tou aksepté reprimand nan men l. Ou dwe pasyan; fè lespri ou klè; tanpere ou; gen pasyans, lafwa, esperans ak charite.

20 Gade, ou se Oliver, epi m pale avèk ou poutèt dezi w; se poutèt sa “konsève pawòl sa a nan kè ou. Rete fidèl ak dilijan

7c GE Sajès.

d D&A 42:61, 65.

GE Mistè Bondye yo.

e D&A 14:7.

9a Alma 29:9; D&A 15:6; 18:14–15; 34:6.

GE Repantans, repanti;

Travay misyonè.

10a D&A 63:64.

11a D&A 102:23;

I—JS 1:18, 26.

b Mat. 11:25; 13:10–11;

Alma 12:9.

c GE Don;

Don Lespri yo.

d Jak 5:20; Alma 62:45;

D&A 18:44.

12a Mat. 7:6.

13a 1 Ne. 15:24.

b Mozya 2:41; Etè 4:19;

D&A 51:19; 63:47.

c GE Pèsèvere.

d GE Sali.

14a GE Priyè.

15a GE Panse (lespri).

16a 1 Kwo. 28:9;

Mat. 12:25; Ebre 4:12;

Mozya 24:12;

3 Ne. 28:6.

GE Omnisyan.

b 1 Wa 8:39.

17a D&A 18:2.

18a GE Dilijans.

b D&A 124:95–96.

20a Etè 3:21; D&A 84:85.

nan respekte kòmandman Bondye yo, epi m ap antoure ou avèk ponyèt lanmou mwen.

21 Gade, m se Jezikri, "Pitit Gason Bondye a. Se mwen menm ki te vin jwenn moun ^bpa m yo, epi moun pa m yo pa t resevwa m. M se ^climyè ki klere nan ^dfènwa a, epi fènwa a pa rekonèt sa.

22 An verite, an verite, m di ou, si ou vle yon lòt temwayaj, raple ou nuit lè ou te kriye nan pye m nan kè ou la, pou ou te kapab ^akonnen si bagay sa yo se verite.

23 Èske m pa t pote ^alapè nan panse ou konsènan bagay sa? Ki pi gwo ^btemwayaj ou kapab resevwa nan men Bondye?

24 Epi kounyeya, ou te resevwa yon temwayaj; paske si m te di bagay okenn moun pa konnen, èske ou pa t resevwa yon temwayaj?

25 Epi gade, m ba ou yon don, si ou vle l nan men m, pou ou ^atradui menm jan avèk Joseph, sèvitè m nan.

26 An verite, an verite, m di ou, gen ^arejis ki gen anpil pati nan levanjil mwen an, ki te ret kache poutèt ^bmechanste pèp la;

27 Epi kounyeya, m kòmande ou, pou si ou gen bon dezi—yon dezi pou ou ranmase trezò pou

tèt pa ou nan syèl la—lè sa a ou pral bay asistans pou devwale, avèk don w, pati sa yo nan ^aekriti m yo ki te kache poutèt inikite a.

28 Epi kounyeya, gade, m ba ou, epi m bay Joseph, sèvitè m nan, kle don sa a, ki pral devwale ministè sa a; epi nan bouch de oubyen twa ^atemwen chak pawòl pral tabli.

29 An verite, an verite, m di nou, si yo rejte pawòl mwen yo, ak pati sa a nan levanjil mwen an ak ministè m nan, n ap beni, paske yo pa kapab fè nou plis pase sa yo kapab fè m.

30 Epi menm si yo ^afè nou menm jan yo te fè m nan, n ap beni, paske nou pral ^brete avèk mwen nan ^claglwa.

31 Men, si yo pa ^arejte pawòl mwen yo, ki pral tabli ak ^btemwayaj m pral bay la, y ap beni, epi apre sa nou pral gen lajwa nan fwi travay nou yo.

32 An verite, an verite, m di nou konsa, menm jan m te di disip mwen yo, kote de oubyen twa moun ^areyini nan non mwen, konsènan yon sèl objektif, gade, m ap nan ^bmitan yo—menm jan m nan mitan nou la.

33 Pa ^apè fè byen, pitit gason m yo, paske nenpòt sa nou ^bsimen,

21a GE Jezikri.

b Jan 1:10–12;

Tra. 3:13–17;

3 Ne. 9:16;

D&A 45:8.

c Jan 1:5; D&A 10:58.

GE Limyè, limyè Kris.

d GE Tenèb, espiritiyèl.

22a GE Disènman, Don.

23a GE Lapè.

b 1 Jn. 5:9; D&A 18:2.

25a Mozya 8:13;

D&A 5:4; 9:1–5, 10.

26a D&A 8:1; 9:2.

GE Ekriti yo—

Pwofesi konsènan

ekriti k ap vini.

b GE Mechan, mechanste.

27a D&A 35:20.

28a Det. 19:15;

2 Kor. 13:1;

2 Ne. 27:12–14;

D&A 128:3.

30a D&A 5:22; 135.

GE Matirize, mati.

b Apok. 3:21.

c GE Glwa.

31a 3 Ne. 16:10–14;

D&A 20:8–15.

b GE Temwayaj.

32a Mat. 18:19–20.

GE Inite.

b D&A 29:5; 38:7.

33a GE Kouraj, ankouraje.

b Gal. 6:7–8;

Mozya 7:30–31;

Alma 9:28;

D&A 1:10.

se sa n ap rekòlte; se poutèt sa, si nou simen byen, n ap rekòlte byen tou kòm rekonpans.

34 Se poutèt sa, pa pè, ti twoupo; fè byen; kite tè ak lanfè mete ansanm kont nou, paske si nou bati sou ^awòch mwen an, yo pa kapab gen viktwa.

35 Gade, m pa kondane nou; ale fè wout nou epi pa fè ^apeche ankò; akonpli travay m te

kòmande nou an avèk lespri nou klè.

36 ^aGade sou mwen nan chak panse; pa doute, pa pè.

37 ^aGade blese ki te pèse bò kòt mwen yo, epi tou gade mak ^bklou yo nan men m yo ak pye m yo; rete fidèl, respekte kòmandman m yo, epi n ap ^ceritye ^awayòm syèl la. Amèn.

SEKSYON 7

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la ak Oliver Cowdery te resevwa nan Harmony, Pennsylvania, an Avril 1829, lè yo te mande atravè Ourim ak Toumim nan, pou yo konnen si Jan, disip byenneme a te rete nan kò fizik la oubyen si l te mouri. Revelasyon an se yon vèsyon tradui nan rejis Jan te ekri sou papiris la epi kache a.

1–3, Jan Byenneme a ap viv jistan Senyè a vini; 4–8, Pyè, Jak, ak Jan kenbe kle levanjil la.

EPI Senyè a te di m: ^aJan, byen-neme nan, ki sa ou ^bvle? Paske si ou mande sa w vle, m ap akòde w li.

2 Epi m te di l: Senyè, ban m pouvwa sou ^alanmò, pou m kapab viv pou m mennen nanm ba ou.

3 Epi Senyè a te di m: An verite, an verite, m di ou, poutèt ou vle bagay sa a, w ap ^arete jistan m vini nan ^blaglwa m, epi ou

pral ^cpwofetize devan nasyon, fanmi, lang ak pèp.

4 Epi pou rezon sa a Senyè a te di Pyè: Si m vle l rete jistan m vini, ki sa sa fè ou? Paske, li te vle pou m kite l mennen nanm ban mwen, men ou menm, ou te vle pou ou rantre rapid rapid nan ^awayòm mwen an.

5 M di ou, Pyè, se te yon bon dezi; men byenneme m nan te vle fè plis, oubyen yon pi gwo travay pase sa l te deja fè a nan mitan lèzòm.

6 Wi, li te kòmanse yon pi gwo travay; se poutèt sa m ap fè l

34^a Sòm 71:3;
Mat. 7:24–25;
1 Kor. 10:1–4;
Ela. 5:12;
D&A 10:69; 18:4, 17;
33:13; Moyiz 7:53.
GE Wòch.
35^a Jan 8:3–11.
36^a Eza. 45:22; D&A 43:34.
37^a GE Jezikri—Aparisyon

Kris la apre lanmò l.
^b GE Krisifiksyon.
^c Mat. 5:3, 10;
3 Ne. 12:3, 10.
^d GE Wayòm
Bondye oubyen
wayòm syèl la.
7 1^a GE Jan, piti
gason Zebede.
^b 3 Ne. 28:1–10.

2^a Lik 9:27.
GE Lanmò, fizik.
3^a Jan 21:20–23.
GE Èt anlve.
^b GE Dezyèm Vini
Jezikri; Glwa.
^c Apok. 10:11.
4^a GE Wayòm
Bondye oubyen
wayòm syèl la.

tounen yon flanm dife epi yon zanj k ap ^atravay; li pral travay pou moun ki pral ^beritye sali yo, ki rete sou ^ctè.

7 Epi m ap prepare l pou travay pou li ak Jak, frè w la; epi m

ap ba nou tou lètwa pouvwa ak ^akle ministè sa a jistan m vini.

8 An verite, m di nou, nou toude ap resevwa daprè dezi nou, paske nou toude ^arejwi nan sa nou te vle a.

SEKSYON 8

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou Oliver Cowdery, nan Harmony, Pennsylvania, an Avril 1829. Pandan l t ap tradui Liv Mòmmon an, Oliver ki te kontinye sèvi kòm grefyè, ki t ap ekri lè Pwofèt la dikte l, li te vle resevwa don tradiksyon an. Senyè a te bay revelasyon sa a kòm repons pou siplikasyon li a.

1-5, *Revelasyon vini pa mwayen pouvwa Sentespri a*; 6-12, *Konesans konsènan mistè Bondye yo ak pouvwa pou tradui ansyen rejis vini pa mwayen lafwa.*

^aOLIVER Cowdery, an verite, an verite, m di ou, asireman, menm jan Senyè a vivan an, ki se Bondye ak Redanmèt w la, se konsa tou, asireman w ap resevwa yon ^bkonesans konsènan nenpòt bagay ou ^cmande avèk lafwa, avèk yon kè onèt, si ou kwè w ap resevwa yon konesans konsènan ekriti ansyen ^arejis yo ki ekri sou papye ansyen tan loutan yo, ki gen pati sa yo nan ekriti m yo m te bay pa ^cmanifestasyon Lespri m nan.

2 Wi, gade, m ap ^apale ou nan lespri ou ak nan ^bkè ou, pa mwa-

yen ^cSentespri a, ki pral vini sou ou epi ki pral rete nan kè ou.

3 Kouneyeya, gade, sa se lespri revelasyon an; gade, sa se lespri Moyiz te itilize pou mennen pitit Izrayèl yo sou tè sèk pa mwayen ^aLanmè Wouj la.

4 Se poutèt sa, se don ou; aplike l, epi w ap beni, paske li pral delivre ou anba men ènmi ou yo, kote, si se pa t sa, yo t ap touye ou epi yo t ap mennen nanm ou nan destriksyon.

5 O, sonje ^apawòl sa yo, epi respekte kòmandman m yo. Sonje, se don ou.

6 Se pa tout don ou sa; paske, ou gen yon lòt don, ki se don Aawon an; gade, li te di ou anpil bagay;

7 Gade, pa gen okenn lòt pouvwa, eksepte pouvwa Bondye,

6a D&A 130:5.

b D&A 76:86-88.

c Jan 10:8-11;

D&A 77:14.

7a Mat. 16:19; Tra. 15:7;

I-JS 1:72.

GE Kle prètriz la.

8a GE Jwa.

8 1a I-JS 1:66.

GE Cowdery, Oliver.

b GE Konesans.

c GE Priyè.

d D&A 6:26-27; 9:2.

e D&A 5:16.

2a D&A 9:7-9.

GE Revelasyon.

b GE Kè.

c GE Sentespri.

3a Egz. 14:13-22;

Det. 11:4;

1 Ne. 4:2;

Mozya 7:19.

GE Lanmè Wouj.

5a Det. 11:18-19.

ki kapab pimèt don Aawon sa a avèk ou.

8 Se poutèt sa, pa doute, paske se don Bondye; epi ou pral kenbe l nan men ou, epi ou pral fè travay ekstraòdinè; epi pa gen pouvwa ki pral kapab wete l nan men ou, paske se travay Bondye.

9 Epi, gade, nenpòt sa ou mande m pou m di ou nan mwayen sa a, m ap akòde w li, epi w ap gen konesans konsènan l.

10 Sonje, san ^alafwa, ou pa

kapab fè anyen; se poutèt sa, mande avèk lafwa. Pa betize avèk bagay sa yo; pa ^bmande bagay ou pa dwe mande.

11 Mande pou ou kapab konnen mistè Bondye yo, epi pou ou kapab ^atradui epi resevwa koneksans ki soti nan ansyen rejis sa yo ki te kache a, ki sakre; epi dapre lafwa ou, w ap resevwa l.

12 Gade, se mwen menm ki te di sa; epi m se menm moun ki te pale avèk ou depi nan kòmansman an. Amèn.

SEKSYON 9

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou Oliver Cowdery, nan Harmony, Pennsylvania, an Avril 1829. Oliver resevwa egzòstasyon pou l pasyan ak envitasyon pou l kontan pou l ekri, pou moman sa a, sou dikte tradiktè a, tan pou l ta chèche tradui.

1–6, Gen lòt ansyen rejis ki pou tradui; 7–14, Liv Mòmon an tradui pa mwayen etid epi pa mwayen konfirmasyon espirityèl.

GADE, m di ou, pitit gason m nan, paske ou pa t ^atradui jan ou te mande m nan, epi ou te kòmanse ^bekri ankò pou Joseph Smith, pitit la, sèvitè m nan, konsa menm, m ta vle ou kontinye jistan ou fini avèk rejis sa a, m te konfyè l la.

2 Epi apre sa, gade, m gen ^alòt ^brejis, m pral ba ou pouvwa pou ou kapab ede l tradui.

3 Pran pasyans, pitit gason m nan, paske se dapre lasajès pa m, epi se pa nesèsè pou ou tradui kounyeya.

4 Gade, travay ou resevwa apèl pou ou fè a se pou ou ekri pou Joseph, sèvitè m nan.

5 Epi, gade, se poutèt ou pa t kontinye jan ou te kòmanse a, lè ou te kòmanse tradui a, m te wete privilèj sa a nan men ou.

6 Pa ^aplenyen, pitit gason m, paske se dapre lasajès mwen m te sèvi avèk ou nan fason sa a.

7 Gade, ou pa t konprann; ou te panse m t ap ba ou l, alòske

10a GE Lafwa.

b D&A 88:63–65.

11a D&A 9:1, 10.

9 1a D&A 8:1, 11.

b 1—JS 1:67.

2a Yon referans avèk lòt

tradiksyon adisyonèl, tankou Tradiksyon Joseph Smith sou Bib la ak Liv Abraram nan, kote Oliver Cowdery te patisipe

kòm sekretè.

GE Tradiksyon Joseph Smith (TJS).

b D&A 6:26; 8:1.

6a GE Mimire.

ou pa t fè anyen, eksepte ou te mande m.

8 Men, gade, m di ou, ou dwe “etidye l nan panse ou; apre sa ou dwe ^bmande m si se jis, epi si se jis, m ap fè ^cpwatrin ou ^dchofe andedan w; se konsa, ou ap ^ekonnen li byen.

9 Men si se pa jis ou p ap gen okenn santiman konsa, men w ap gen yon “konfizyon nan panse ou k ap fè ou bliye bagay ki mal la; se poutèt sa, ou pa kapab ekri bagay ki sakre san ou pa resevwa l nan men m.

10 Kounyeya, si ou te konnen bagay sa ou t ap kapab “tradui;

men, se pa nesesè pou ou tradui kounyeya.

11 Gade, sa te nesesè lè ou te kòmanse; men ou te “pè, epi lè a pase, epi se pa nesesè kounyeya;

12 Paske, èske ou pa wè m te bay “Joseph, sèvitè m nan ase fòs pou kore l? Epi m pa t kondane ni ou ni li.

13 Fè bagay sa m te kòmande ou fè a, epi w ap pwospere. Gen fidelite, epi pa lage bay “tantasyon ankò.

14 Kenbe fèm nan “travay m te ba ou ^bapèl la, epi yon cheve nan tèt ou p ap pèdi, epi m ap ^cleve ou nan dènye jou a. Amèn.

SEKSYON 10

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la, te resevwa nan Harmony, Pennsylvania, pwobableman bò zòn Avril 1829, malgre l te petèt resevwa kèk pati ladan siman depi an ete 1828. Nan revelasyon sa a Senyè a enfòmè Joseph konsènan chanjman moun mechan te fè nan 116 paj dokiman ki te soti nan tradiksyon liv Leyi a, nan Liv Mòmmon an. Paj sa yo ki te pèdi nan men Martin Harris, moun yo te konfyè fèy yo tanporèman an. (Gade nan antèt seksyon 3 a.) Konplo mechan an sete pou rete tann dezyèm tradiksyon yo te panse ki ta pral fèt sou sijè ki nan paj yo te vòlè yo, apre sa pou yo te montre diferans ki te genyen ant de vèsyon yo pou yo te kapab diskredite tradiktè a. Malen an te envante plan mechan sa a, epi Senyè a te konnen sa menm pandan Mòmmon, ansyen istoryen Nefit la, t ap fè rezime pil plak yo, epi sa parèt nan Liv Mòmmon an (gade nan Pawòl Mòmmon yo 1:3–7).

1–26, Satan sòlve moun mechan pou kontrekare travay Senyè a; 27–33, Li chèche detwi nanm lèzòm; 34–52, Levanjil la dwe ale jwenn Lamanit yo ak tout nasyon pa mwayen

Liv Mòmmon an; 53–63, Senyè a pral tabli Legliz Li a ak levanjil Li a nan mitan lèzòm; 64–70, Li pral rasanble moun ki repanti yo mete nan Legliz Li a epi li pral sove sa ki obeyisan yo.

8a GE Medite.

b GE Priyè.

c Lik 24:32.

d GE Enspirasyon, enspire; Temwayaj.

e D&A 8:2–3.

9a D&A 10:2.

10a D&A 8:11.

11a GE Krent, krentif.

12a D&A 18:8.

13a GE Tantasyon, tante.

14a 1 Kor. 16:13.

b GE Aple, Bondye te aple, apèl.

c Alma 13:29; D&A 17:8.

KOUNYEYA, gade, m di ou, poutèt ou te livre ekriti sa yo ou te resevwa pouvwa pou tradui pa mwayen "Ourim ak Toumim nan, nan men yon nonm ^bmechan, ou te pèdi yo.

2 Epi tou ou te pèdi don ou an an menm tan, epi "panse ou te vin konfonn.

3 Men, ou "reprann tout bagay ankò, poutèt sa, fè yon jan pou ou fidèl epi kontinye jistan ou fini rès travay tradiksyon an jan ou te kòmanse a.

4 Pa kouri "plis oubyen pa travay plis pase ^bfòs ou ni pase mwayen ou genyen ki pou pèmèt ou tradui; men fè ^cdilijans jiska lafen.

5 "Priye tout tan, pou ou kapab gen viktwa; wi, pou ou kapab gen viktwa sou Satan, epi pou ou kapab chape anba men sèvitè Satan yo ki sipòte travay li a.

6 Gade, yo te chèche "detwi ou; wi, menm ^bnonm ou te fè konfyans la te chèche detwi ou.

7 Epi se poutèt rezon sa a m te di li se yon nonm mechan, paske li te chèche pran bagay m te konfye ou la; epi li te chèche detwi don ou lan tou.

8 Epi paske ou te livre ekriti yo nan men l, gade moun mechan te pran yo nan men ou.

9 Se poutèt sa, ou te livre yo, wi, bagay ki te sakre yo, nan mitan mechanste.

10 Epi gade, "Satan te mete nan kè yo pou yo chanje pawòl ou te fè ekri yo, oubyen pawòl ou te

tradui yo, ki te soti nan men ou yo.

11 Epi gade, m di ou, paske yo te chanje pawòl yo, yo li bagay ki kontrè avèk sa ou te tradui epi sa ou te fè ekri yo;

12 Epi, nan sans sa a, dyab la te chèche pare yon plan mètdam pou l kapab detwi travay sa a;

13 Paske li te pale nan kè yo pou yo fè sa, nan manti pou yo kapab di yo te "bare ou nan pawòl ou pretann ou te tradui yo.

14 An verite, m di ou, m p ap kite Satan akonpli plan malen li an nan bagay sa a.

15 Paske gade, li te pale nan kè yo pou yo fè ou tante Senyè Bondye ou lan, pou ou mande l pou ou tradui sa ankò.

16 Epi apre sa, gade, yo di epi yo pansé nan kè yo—Nou pral wè si Bondye te ba l pouvwa pou l tradui; si se sa, l ap ba l pouvwa ankò;

17 Epi si Bondye ba l pouvwa ankò, oubyen si l tradui ankò, oubyen, otreman, si l ekri menm pawòl yo, gade, nou gen menm pawòl yo nan men nou, epi nou te chanje yo;

18 Konsa yo p ap menm bagay, epi nou di konsa li te fè manti nan pawòl li yo, epi li pa gen don, epi li pa gen pouvwa;

19 Konsa nou detwi l epi nou detwi travay li a tou; epi nou fè sa pou nou kapab pa wont alafen, epi pou nou kapab jwenn la-
glwa nan men mond lan.

20 An verite, an verite, m di ou,

10 1a GE Ourim ak Toumim.

b D&A 3:1-15.

2a GE Pansé (lespri).

3a D&A 3:10.

4a Mozya 4:27.

b Egz. 18:13-26.

c Mat. 10:22.

GE Dilijans.

5a 3 Ne. 18:15-21.

GE Priyè.

6a D&A 5:32-33; 38:13.

b D&A 5:1-2.

10a GE Dyab.

13a Jer. 5:26.

Satan gen gwo pouvwa sou kè yo; li “pouse yo fè ^binikite kont sa ki bon;

21 Epi kè yo ^akòwonpi, epi yo chaje ak ^bmechanste ak abominasyon; epi yo ^crenmen ^dtenèb pase limyè, paske ^ezèv yo se mal; se poutèt sa yo pa vle mande m.

22 “Satan pouse yo, pou l kapab ^bkondi nanm yo nan destriksyon.

23 Epi konsa li te pare yon plan mètdam, li te panse pou l detwi travay Bondye a; men m pral mande yo kont pou sa, epi sa pral tounen wont yo ak kondanasyon yo nan jou “jijman an.

24 Wi, li souldve kòlè nan kè yo kont travay sa a.

25 Wi, li di yo: Twonpe epi fè manti pou ou pare pèlen, pou ou kapab detwi; gade, pa gen mal nan sa. Epi se konsa li flate yo, epi li di yo se pa peche si yo fè “manti pou yo kapab kenbe yon moun nan manti, pou yo kapab detwi l.

26 Epi se konsa li flate yo, epi li “mennen yo jistan li trennen nanm yo desann nan ^blanfè; epi se konsa li lakòz yo foute tèt yo nan pwòp ^cpyèj pa yo.

27 Epi konsa li monte desann, “isit lòtbò sou tè, li chèche pou l ^bdetwi nanm lèzòm.

28 An verite, an verite, m di ou, malè pou moun ki fè manti pou

l “twonpe paske l sipoze yon lòt moun ou fè manti pou l twonpe, paske yon moun konsa p ap chape anba ^blajistis Bondye.

29 Kounyeya, gade, yo te chanje pawòl yo, paske Satan di yo konsa: Li te twonpe ou—epi konsa li flate yo pou yo fè inikite, pou yo fè ou “tante Senyè Bondye ou la.

30 Gade, m di ou, pa tradui pawòl ki te soti nan men ou yo ankò;

31 Paske, gade, yo p ap kapab akonpli move plan yo a pou yo fè manti kont pawòl sa yo. Paske, gade, si ou ta vini avèk menm pawòl yo, yo t ap di ou te fè manti epi ou te pretann ou te tradui, men ou te kontredi tèt ou.

32 Epi, gade, yo pral pibliye sa, epi Satan pral fè kè pèp la di pou pouse yo fè kòlè kont ou, pou yo pa kwè pawòl mwen yo.

33 Konsa, “Satan panse pou kouvri temwayaj ou nan jenerasyon sa a, pou travay la kapab pa parèt nan jenerasyon sa a.

34 Men gade, sa se lasajès, epi paske m montre ou “lasajès, epi m ba ou kòmandman konsènan bagay sa yo, sa ou pral fè a, pa montre l bay mond lan jistan ou akonpli travay tradiksyon an.

35 Pa etone ou poutèt m te di ou: Sa se lasajès, pa montre l bay

20a 2 Ne. 28:20–22.

b GE Peche.

21a D&A 112:23–24.

b GE Mechan, mechanste.

c Moyiz 5:13–18.

d Mozya 15:26.

GE Tenèb, espiritiyèl.

e Jan 3:18–21;

D&A 29:45.

22a 2 Ne. 2:17–18.

b GE Tantasyon, tante.

23a Ela. 8:25;

D&A 121:23–25.

25a 2 Ne. 2:18; 28:8–9;

Alma 10:17; Moyiz 4:4.

GE Manti.

26a GE Apostazi.

b GE Lanfè.

c Pwov. 29:5–6;

1 Ne. 14:3.

27a Jòb 1:7.

b 2 Ne. 28:19–23;

D&A 76:28–29.

28a GE Twonpe, twonpri.

b Wom. 2:3.

GE Jistis.

29a Mat. 4:7.

33a GE Dyab.

34a GE Sajès.

mond lan paske m te di, pa montre l bay mond lan pou ou kapab epaye.

36 Gade, m pa di ou pa dwe montre l bay moun ki jis yo;

37 Men kòm ou pa toujou kapab konnen kiyès ki mechan, oubyen kòm ou pa toujou kapab distenge mechan yo ak moun ki ^ajis yo, se poutèt sa m di ou, ret ^banpè jistan m wè l nesèsè pou m fè mond lan konnen tout bagay konsènan sijè sa a.

38 Epi kounyeya, an verite m di ou, gen yon istwa konsènan ^abagay ou te ekri yo, ki te soti nan men ou yo, ki ekri sou ^bplak Nefi yo;

39 Wi, epi ou sonje ekriti sa yo te di gen yon istwa pi detaye ki nan ekriti ki sou plak Nefi yo.

40 Epi kounyeya, poutèt istwa ki ekri sou plak Nefi yo pi detaye konsènan bagay, ki selon lasajès mwen, m pral fè pèp la konnen nan istwa sa a—

41 Se poutèt sa, ou dwe tradui ekriti ki sou ^aplak Nefi yo, desann jistan ou rive nan rèy wa Benjamen an, oubyen jistan ou rive nan sa ou te tradui a, sa ki te rete nan men w lan;

42 Epi gade, ou dwe pibliye l kòm rejis Nefi a; epi konsa m ap konfonn moun ki te chanje pawòl mwen yo.

43 M p ap kite yo detwi travay mwen an; wi, m ap montre yo

lasajès mwen pi gran pase mèt-dam dyab la.

44 Gade, yo te sèlman pran yon pati oubyen yon rezime nan istwa Nefi a.

45 Gade, gen anpil bagay ki ekri sou plak Nefi yo, ki bay yon pi gwo vizyon sou levanjil mwen an; se poutèt sa, se dapre lasajès pa m pou ou tradui premye pati sa a nan ekriti Nefi yo, epi pou ou pibliye l nan travay sa a.

46 Epi, gade, tout rès ^atravay sa gen tout pati sa yo nan ^blevanjil mwen an, pwofèt sen mwen yo, wi, ak disip mwen yo te ^cvle nan priyè yo pou vin jwenn pèp sa a.

47 Epi m te di yo, sa t ap ^afèt pou yo dapre ^blafwa yo nan priyè yo;

48 Wi, epi se te lafwa yo—pou levanjil mwen an, m te ba yo a ta preche nan epòk pa yo a, pou l ta vin jwenn frè yo, ^aLamanit yo, ak tout lòt moun ki te vin tounen Lamanit yo poutèt disansyon yo.

49 Kounyeya, se pa tout—lafwa yo nan priyè yo se te pou, si sa ta posib, lòt nasyon ki ta posede tè sa a ta konnen levanjil la tou;

50 Epi konsa yo te kite yon benediksyon sou tè sa a nan priyè yo, pou nenpòt moun ki kwè nan levanjil sa a nan peyi sa a ta gen lavi etènèl;

51 Wi, pou l kapab lib pou

37a Mat. 23:28.

b Egz. 14:14.

38a Nan kòmansman premye edison Liv Mòmou an, Pwofèt la te esplike materyèl ki te nan 116 paj ki te pèdi

yo se te tradiksyon ki te soti nan yon pòsyon plak yo ki te rele ^a“Liv Leyi.”
b GE Plak.

41a P—M 1:3–7.

46a GE Liv Mòmou.

b GE Levanjil.

c Enòs 1:12–18;
Mòm. 8:24–26;
9:34–37.

47a 3 Ne. 5:13–15;
D&A 3:19–20.

b GE Lafwa.

48a Mowo. 10:1–5;
D&A 109:65–66.

tout moun nan nenpòt nasyon, fanmi, lang, oubyen pèp yo kapab ye.

52 Epi kounyeya, gade, dapre lafwa yo nan priyè yo, m pral fè pèp mwen an konnen pati sa ki nan levanjil mwen an. Gade, m pa pote l pou detwi sa yo te resevwa, men pou bati l.

53 Epi se poutèt rezon sa a m te di: Si jenerasyon sa a pa fè kè yo di, m ap tabli legliz mwen an nan mitan yo.

54 Kounyeya, m pa di sa pou m detwi legliz mwen an, men m di sa pou m bati legliz mwen an;

55 Se poutèt sa, nenpòt moun ki nan legliz mwen an li pa bezwen “pè, paske moun sa a pral beritye wayòm syèl la.

56 Men se moun ki pa “krent mwen yo, ni tou ki pa respekte kòmandman m yo, men ki bati legliz pou tèt pa yo pou “enterè, wi, epi tout moun ki fè mechanste epi ki bati wayòm dyab la—wi, an verite, an verite, m di ou, se yo menm m ap annwiye, epi m ap fè yo tranble epi m ap souke tout anndan yo.

57 Gade, mwen se Jezikri, “Pitit Gason Bondye a. M te vin jwenn moun pa m yo, epi moun pa m yo pa t resevwa m.

58 M se “limiyè ki klere nan tenèb la, epi tenèb la pa rekonèt sa.

59 M se moun ki te di disip

mwen yo konsa—M gen “lòt brebi ki pa nan twoupo sa a—epi te gen anpil ladan yo ki pa t konprann mwen.

60 Epi m pral montre pèp sa a m te gen lòt brebi, epi yo se yon branch nan “kay Jakòb la;

61 Epi m pral devwale travay ekstraòdinè moun sa yo te fè nan non m yo;

62 Wi, epi tou m pral devwale levanjil mwen an yo te resevwa a, epi, gade, yo p ap nye sa ou te resevwa a, men yo pral bati l, epi yo pral devwale vrè pwèn yo ki nan “doktrin mwen an, wi, epi sèl doktrin ki nan mwen an.

63 Epi m fè sa pou m kapab tabli levanjil mwen an, pou kapab pa gen tout rivalite sa a; wi, “Satan pouse kè pèp la pou gen rivalite konsènan pwèn yo ki nan doktrin mwen an; epi nan bagay sa a, yo egare tèt yo, paske yo lite kont ekriti yo epi yo pa konprann yo.

64 Se poutèt sa, m pral deplwaye gwo mistè sa a devan yo;

65 Paske, gade, m pral rasanble yo menm jan yon manman poul rasanble ti poul li yo anba zèl li, si yo pa fè kè yo di;

66 Wi, si yo vle vini, yo kapab, pou yo bwè nan “dlo lavi a san peye.

67 Gade, se doktrin mwen an sa—nenpòt moun ki repanti epi

55a GE Krent, krentif.

b Mat. 5:10.

c GE Wayòm Bondye oubyen wayòm syèl la.

56a Ekl. 12:13–14.

b GE Dyab—Legliz dyab la.

c 4 Ne. 1:26.

57a Wom. 1:4.

58a D&A 6:21.

59a Jan 10:16.

b GE Bon Bèje.

c 3 Ne. 15:16–18.

60a GE Jaden Senyè a.

62a 3 Ne. 11:31–40.

63a GE Dyab.

b GE Kontansyon.

c 2 Pyè 3:16.

65a Lik 13:34;

3 Ne. 10:4–6;

D&A 43:24.

66a GE Dlo Vivan.

ki ^avin jwenn mwen, moun sa a se ^blegliz mwen an.

68 Nenpòt moun ki ^adeklare plis oubyen mwens pase sa a, moun sa pa pou mwen, men li ^bkont mwen; se poutèt sa li pa nan legliz mwen an.

69 Epi kounyeya, gade, nenpòt moun ki nan legliz mwen

an, epi ki pèsevere nan legliz mwen an jiska lafen, se moun sa a m ap tabli sou ^awòch mwen an, epi ^bpòt lanfè yo p ap gen pouvwa sou li.

70 Epi kounyeya, sonje pawòl moun ki se lavi ak ^alimyè mond lan, Redanmtè w la, ^bSenyè w la ak Bondye w la. Amèn.

SEKSYON 11

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou frè l la, Hyrum Smith, nan Harmony, Pennsylvania, Me 1829. Joseph te resevwa revelasyon sa a pa mwayen Ourim ak Toumim nan kòm repons pou siplikasyon l ak demand li. Sigjesyon nan Istwa Joseph Smith la fè konnen Pwofèt la te resevwa revelasyon sa a apre retablisman Prètriz Aawon an.

1–6, Travayè nan jaden yo pral gen sali; 7–14, Chèche lasajès, kriye repantans, konfyè nan Lespri a; 15–22, respekte kòmandman yo, epi etidye pawòl Senyè a; 23–27, Pa nye lespri revelasyon ak lespri pwofesi; 28–30, Moun yo ki resevwa Kris la, y ap vin tounen pitit Bondye.

^aYON gwo travay mèveye pral fèt pami pitit lèzòm.

2 Gade, m se Bondye; ^akoute ^bpawòl mwen, ki rapid epi ki ^cpisans, ki pi ^dfile pase yon epe de bò, ki kapab divize jwenti yo ak mwèl yo fè de bout; se poutèt sa, koute pawòl mwen.

3 Gade, jaden an deja ^ami pou rekòlte; se poutèt sa, nenpòt moun ki vle rekòlte se pou l manche kouto digo l avèk fòs li, epi pou l rekòlte pandan jounen an, pou l kapab gen ^btrezò sali ^cetènèl pou nanm li nan wayòm Bondye a.

4 Wi, nenpòt moun ki vle manche ^akouto digo l pou l rekòlte, moun sa a resevwa apèl nan men Bondye.

5 Se poutèt sa, si ou ^amande m w ap resevwa; si ou frape y ap louvri pou ou.

6 Kounyeya, kòm ou te mande, gade, m di ou, respekte kòmandman m yo, epi chèche

67a Mat. 11:28–30.

b GE Legliz Jezikri.

68a 3 Ne. 11:40.

b Lik 11:23.

69a GE Wòch.

b Mat. 16:18;

2 Ne. 4:31–32;

D&A 17:8; 128:10.

70a GE Limyè, limyè Kris.

b GE Jezikri.

11 1a Eza. 29:14; D&A 4.

GE Retablisman

levanjil la.

2a 1 Ne. 15:23–25;

D&A 1:14; 84:43–45.

b Ebre 4:12.

c Alma 4:19; 31:5.

d Ela. 3:29–30; D&A 6:2.

3a D&A 12:3.

b Lik 18:22; Ela. 5:8.

c 1 Tim. 6:19.

4a Apok. 14:15;

D&A 14:3–4.

5a GE Priyè.

potekole nan tabli kòz “Siyon an.

7 Pa chèche ^arichès, men chèche ^blasajès; epi, gade, mistè Bondye yo ap louvri devan ou, epi apre sa w ap vin rich. Gade, yon moun ki gen lavi etènèl li rich.

8 Anverite, anverite, m di ou, menm jan ou vle l nan men m nan, se konsa w ap resevwa l; epi si ou vle, w ap sèvi kòm mwayen pou fè anpil byen nan jenerasyon sa a.

9 Pa ^adi jenerasyon sa a anyen, eksepte ^brepantans. Respekte kòmandman m yo, epi kolabore nan fè anvanse travay mwen an, ^cdapre kòmandman m yo, epi w ap beni.

10 Gade, ou gen yon ^adon, oubyen w ap gen yon don si ou vle l nan men m ak lafwa, avèk yon kè ^bonèt, si ou kwè nan pouvwa Jezikri a, oubyen nan pouvwa mwen menm k ap pale avèk ou la a;

11 Paske, gade, se mwen menm ki pale; gade, m se ^alimyè ki klere nan tenèb la, epi avèk ^bpouvwa m, m ba ou pawòl sa yo.

12 Epi kounyeya, anverite, anverite, m di ou, mete ^akonfyans ou nan ^bLespri sa a ki dirije

moun pou yo fè byen—wi, pou yo fè sa ki jis, pou yo ^cmache avèk ^dimilite, pou yo ^ejije avèk lajistis; epi se Lespri pa m nan.

13 Anverite, anverite, m di ou, m ap ba ou yon mòso nan Lespri m, ki pral ^aklere ^bpanse ou, ki pral ranpli nanm ou avèk ^cla-jwa;

14 Epi apre sa ou pral konnen, oubyen sa pral fè ou konnen, tout bagay ou vle nan men m, ki gen rapò avèk bagay ^alajistis, avèk lafwa, si ou kwè nan mwen, w ap resevwa l.

15 Gade, mwen kòmande w pou ou pa sipoze ou gen apèl pou preche toutotan ou pa resevwa ^aapèl la.

16 Rete tann yon ti tan ankò, jistan ou gen pawòl mwen, ^awòk mwen an, legliz mwen an, ak levanjil mwen an, pou ou kapab konnen doktrin mwen an avèk asirans.

17 Apre sa, gade, daprè jan ou vle, wi, menm daprè lafwa ou, w ap resevwa.

18 Respekte kòmandman m yo; rete dousman; envoke Lespri m nan;

19 Wi, ^akole kò ou avèk mwen ak tout kè ou, pou ou kapab ede nan pote bagay sa yo nan limye pawòl ki te pale a—wi,

6a Eza. 52:7-8;

D&A 66:11.

GE Siyon.

7a 1 Wa 3:11-13;

2 Ne. 26:31;

Jakòb 2:17-19;

D&A 38:39.

^b GE Sajès.

9a D&A 19:21-22.

^b GE Repantans, repanti.

^c D&A 105:5.

10a D&A 46:8-12.

^b Lik 8:15.

11a GE Limyè, limyè Kris.

^b GE Pouwa.

12a D&A 84:116.

GE Konfyans, konfyè.

^b Wom. 8:1-9;

1 Jn. 4:1-6.

^c GE Mache, mache

avèk Bondye.

^d GE Ernb, imilite.

^e Mat. 7:1-5;

Alma 41:14-15.

13a D&A 76:12.

^b GE Panse (lespri).

^c GE Jwa.

14a GE Jis, jistis.

15a AL 1:5.

GE Aple, Bondye te

aple, apèl;

Otorite.

16a D&A 6:34.

GE Wòch.

19a Jakòb 6:5;

D&A 98:11.

tradiksyon liv mwen an; ou dwe gen pasyans jistan ou akonpli l.

20 Gade, se travay ou sa, pou ou “respekte kòmandman m yo, wi, avèk tout pouvwa ou, panse ou, ak fòs ou.

21 Pa chèche deklare pawòl mwen an, men chèche pou ou “jwenn pawòl mwen an, epi apre sa lang ou va lage; apre sa si ou vle, w ap gen Lespri m ak pawòl mwen an, wi, pisans Bondye pou konvenk lèzòm.

22 Men kounyeya, rete dousman; etidye pawòl “mwen an ki t ale nan pami pitit lèzòm yo, epi tou ^betidye pawòl “mwen an ki pral vini nan pami pitit lèzòm yo, oubyen sa k ap tradui kounyeya, wi, jistan ou jwenn tout sa m pral “bay pitit lèzòm yo nan jenerasyon sa a, e apre sa tout bagay pral ajoute pou kò yo.

23 Gade ou se “Hyrum, pitit gason m nan; ^bchèche wayòm

Bondye a, epi tout bagay ap ajoute si se yon bagay ki jis.

24 “Bati sou wòk mwen an, ki se ^blevanjil mwen an;

25 Pa nye lespri “revelasyon an, ni lespri ^bpwofesi a, paske malè yon moun ki nye bagay sa yo;

26 Se poutèt sa, “sere nan kè ou jistan lè a rive, nan lasajès mwen kote ou va ale.

27 Gade, m pale avèk tout moun ki gen bon dezi, epi ki te “manche kouto digo yo pou yo rekòlte.

28 Gade, m se “Jezikri, Pitit Gason Bondye a. M se lavi ak ^blimyè mond lan.

29 Se mwen menm ki te vin jwenn moun pa m yo epi moun pa m yo pa t resevwa m;

30 Men, anverite, anverite, m di ou, tout moun ki resevwa m, m ap ba yo “pouvwa pou yo vin tounen ^bpitit Bondye, menm moun ki kwè nan non m yo. Amèn.

SEKSYON 12

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou Joseph Knight, papa a, nan Harmony, Pennsylvania, Me 1829. Joseph Knight te kwè deklarasyon Joseph Smith te fè konsènan plak Liv Mòmmon yo ki nan men l yo, ak travay tradiksyon an ki t ap pwogrese lè sa a, epi plizyè fwa, li te bay Joseph Smith ak grefye li a asistans materyèl, ki te pèmèt yo kontinye tradiksyon an. Sou demand Joseph Knight, Pwofèt la te mande Senyè a epi l te resevwa revelasyon an.

20a GE Obeyi, obeyisan, obeyisans.

21a Alma 17:2–3; D&A 84:85.

22a svd Bib la.
b GE Ekriti yo—
Valè ekriti yo.

c svd Liv Mòmmon an.
d Alma 29:8.

23a 1—JS 1:4.

b Mat. 6:33.

24a Mat. 7:24–27.

b GE Levanjil.

25a GE Revelasyon.

b Apok. 19:10.
GE Pwofesi,
pwofetize.

26a Det. 11:18;

D&A 6:20; 43:34;

M—JS 1:37.

27a GE Travay misyonè.

28a GE Jezikri.

b GE Limyè, limyè Kris.

30a Jan 1:12.

b GE Pitit gason ak
pitit fi Bondye.

1–6, *Travayè yo ki nan jaden an dwe jwenn sali*; 7–9, *Tout moun ki vle epi ki kalifye kapab ede nan travay Senyè a.*

“YON gwo travay mèveye pral fèt pami pitit lèzòm yo.

2 Gade, m se Bondye; koute pawòl mwen, ki rapid epi ki pisan, ki pi file pase yon epe de bò, ki kapab divize jwenti yo ak mwèl yo fè de bout; se poutèt sa, koute pawòl mwen.

3 Gade, jaden an deja mi pou rekòlte; se poutèt sa, nenpòt moun ki vle rekòlte se pou l manche kouto digo l avèk pouvwa l, epi pou l rekòlte pandan tout jounen an, pou l kapab sere pou nanm li sali etènèl nan wayòm Bondye a.

4 Wi, nenpòt moun ki vle manche kouto digo l pou l rekòlte, moun sa a resevwa apèl li nan men Bondye.

5 Se poutèt sa, si ou mande m w ap resevwa; si ou frape m ap louvri pou ou.

6 Kounyeya, kòm ou te mande, gade, m di ou, respekte kòmandman m yo, chèche potekole epi chèche tabli kòz Siyon an.

7 Gade, m pale avèk ou epi tou avèk tout moun sa yo ki vle pote kole epi ki vle tabli zèv sa a;

8 Epi okenn moun pa kapab ede nan travay sa a si l pa gen ^aimilite epi si l pa ranpli avèk ^blanmou, si l pa gen ^clafwa, ^desperans, ^echarite, si l pa tanpere nan tout bagay, nenpòt bagay yo ta konfyè l pou l pran swen an.

9 Gade, m se limyè ak lavi mond lan, ki pale pawòl sa yo, se poutèt sa koute avèk pouvwa ou, epi apre sa w ap resevwa apèl. Amèn.

SEKSYON 13

Yon ekstrè nan istwa Joseph Smith la ki rakonte òdinasyon Pwofèt la ak Oliver Cowdery nan Prètriz Aawon an tou pre Harmony, Pennsylvania, 15 Me 1829. Òdinasyon an te fèt anba men yon zanj ki te prezante tèt li kòm Jan, menm moun sa a ki te rele Janbatis nan Nouvo Testaman an. Zanj lan te esplike li t ap aji sou direksyon Pyè, Jak ak Jan, ansyen apot yo, ki te gen kle pi gran prètriz la, ki te rele Prètriz Mèlkisedèk la. Joseph ak Oliver te resevwa pwomès ke yo t ap konfere prètriz ki pi wo a sou yo lè tan an rive. (Gade nan seksyon 27:7–8, 12.)

Kle ak pouvwa Prètriz Aawon yo tabli.

Nou menm sèvitè asosye m yo, nan non Mesi a, m ^akonfere ^bPrètriz Aawon an, ki gen kle ministè

12 1a N ap jwen menm bagay la si nou gade nan D&A 11:1–6.
8a GE Enb, imilite.
b GE Lanmou, renmen.

c GE Lafwa.
d GE Esperans.
e GE Charite.
13 1a I—JS 1:68–75.
GE Òdinasyon,

òdone.
b D&A 27:8; 84:18–34.
GE Prètriz Aawon an.

‘zanj yo, ak levanjil ^drepantans lan, ak ‘batèm pa imèsyon pou padon peche yo; epi sa p ap

janm sòti ankò sou tè a, jistan ^fpitit gason Levi yo ofri Senyè a ankò yon ofrann nan ^glajistis.

SEKSYON 14

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou David Whitmer, nan Fayette, New York, Jen 1829. Fanmi Whitmer a te vin enterese anpil nan tradiksyon Liv Mòmòn an. Pwofèt la te tabli yon rezidans lakay Peter Whitmer, papa a, kote l te rete jistan travay tradiksyon an te fini epi dwa ekriwen pou liv apre a te asire. Twa nan pitit gason Whitmer yo, yo chak te resevwa yon temwayaj konsènan verite travay la, yo te vin enterese anpil sou zafè devwa endividyèl yo. Revelasyon sa a ak de sa ki vini apre yo (seksyon 15 ak 16) te bay pou reponn yon kesyon pa mwayen Ourim ak Toumim nan. David Whitmer te vin tounen youn nan twa temwen Liv Mòmòn an.

1-6, *Travayè nan jaden yo ap jwenn sali; 7-8, Lavi etènèl se pi gwo nan kado Bondye yo; 9-11, Kris la te kreye syèl yo ak tè a.*

“YON travay gran epi mèveye pral fèt pami pitit lèzòm yo.

2 Gade, m se Bondye; koute pawòl mwen, ki rapid epi ki pisan, ki pi file pase yon epe de bò, ki kapab divize jwenti yo ak mwèl yo fè de bout; se poutèt sa, koute pawòl mwen an.

3 Gade, jaden an deja mi pou rekòlte; se poutèt sa, nenpòt moun ki vle rekòlte, se pou l manche kouto digo l avèk tout fòs li, epi pou l rekòlte pandan tout jounen an, pou l kapab sere

pou nanm li sali etènèl nan wayòm Bondye a.

4 Wi, nenpòt moun ki vle manche kouto digo l pou l rekòlte, moun sa a resevwa apèl nan men Bondye.

5 Se poutèt sa, si ou mande m w ap resevwa; si ou frape m ap louvri pou ou.

6 Chèche potekole epi tabli Siyon m nan. Respekte kòmandman m yo nan tout bagay yo.

7 Epi si ou “respekte kòmandman m yo epi si ou ^bpèsevere jiska lafen, w ap gen ‘lavi etènèl, ki se pi gwo nan tout kado Bondye yo.

8 Epi se pral konsa, si ou mande Papa a nan non mwen,

1 c GE Zanj yo.
d GE Repantans, repanti.
e GE Batèm, batize.
f Gade sa Oliver Cowdery di sou retablisman Prètriz Aawon, nan finisman

Istwa—Joseph Smith.
Det. 10:8;
1 Kwo. 6:48;
D&A 128:24.
g GE Jis, jistis.
14 1 a N ap jwen menm bagay la si nou gade nan D&A 11:1-6.

7 a Lev. 26:3-12;
Jan 15:10;
Mozya 2:22, 41;
D&A 58:2.
b GE Pèsevere.
c 2 Ne. 31:20;
D&A 6:13.
GE Lavi etènèl.

avèk lafwa, epi ou kwè, w ap resevwa ^aSentespri a, ki bay kapasite, pou ou kapab kanpe kòm yon ^btemwen pou bagay ou pral tande ak wè yo, epi tou pou ou kapab deklare repantans bay jenerasyon sa a.

9 Gade, m se ^aJezikri, ^bPitit Gason Bondye ^cvivan an, ki te ^dkreye syèl yo ak ^etè a, yon ^flimyè ki pa kapab kache nan ^gtenèb;

10 Se poutèt sa, m dwe pote ^aplenitid levanjil mwen an soti nan men ^bJanti yo pou ale jwenn kay Izrayèl la.

11 Epi gade, ou se David, epi ou te genyen apèl pou w ede; epi si w fè bagay sa a, epi si ou gen lafwa, w ap beni espiritiyèlman ak tanporèlman, epi rekonpans ou pral gran. Amèn.

SEKSYON 15

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou John Whitmer, nan Fayette, New York, Jen 1829 (gade nan antèt seksyon 14 la). Nan mesaj la, Senyè a pale konsènan bagay sèlman John Whitmer ak Limenm te konnen. Pi ta, John Whitmer te vin tounen youn nan Ywit Temwen Liv Mòmou yo.

1–2, *Ponyèt Senyè a sou tèt tout tè a; 3–6, Preche levanjil la epi sove nanm moun se bagay ki genyen plis valè.*

KOUTE, John, sèvitè m nan, epi tande pawòl Jezikri yo, Senyè ou la ak Redanmtè ou la.

2 Paske m pale ou avèk prezizyon epi avèk ^apisans paske ponyèt mwen sou tout tè a.

3 Epi m pral di ou bagay okenn moun pa konnen eksepte mwen menm ak ou menm sèlman—

4 Paske, anpil fwa, ou te vle

m fè ou konnen ki bagay ki t ap genyen plis valè pou ou.

5 Gade, ou beni poutèt bagay sa a, epi poutèt ou te pale pawòl m te ba ou yo, dapre kòmandman m yo.

6 Epi kounyeya, gade, m di ou konsa, bagay ki pral genyen plis valè pou ou, se pou ou ^adeklare pèp sa a repantans, pou ou kapab mennen nanm moun yo ban mwen, pou ou kapab ^brepeze avèk yo nan ^cwayòm ^dPapa m nan. Amèn.

8a GE Sentespri.

b Mozya 18:8–10.

GE Temwen.

c Gade “Temwayaj

Twa Temwen yo”

nan kòmansman

Liv Mòmou an.

9a Mozya 4:2;

D&A 76:20–24.

b Wom. 1:4.

c Dan. 6:26; Alma 7:6;

D&A 20:19.

d Jan 1:1–3, 14;

3 Ne. 9:15; D&A 45:1.

GE Kreyasyon, kreye.

e Abr. 4:12, 24–25.

f 2 Sam. 22:29.

GE Limyè, limyè Kris.

g GE Tenèb, espiritiyèl.

10a D&A 20:8–9;

1—JS 1:34.

b GE Janti yo.

15 2a Ela. 3:29–30.

GE Pouvwà.

6a D&A 18:15–16.

GE Travay misyonè.

b GE Repo.

c GE Wayòm

Bondye oubyen

wayòm syèl la.

d GE Papa ki nan

Syèl la.

SEKSYON 16

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou Peter Whitmer, pitit la, nan Fayette, New York, Jen 1829 (gade nan antèt seksyon 14 la). Peter Whitmer, pitit la te vin tounen youn nan Ywit Temwen Liv Mòmmon yo.

1–2, *Ponyèt Senyè a sou tout tè a; 3–6, Preche levanjil la epi sove nanm moun se bagay ki genyen plis valè.*

“KOUTE, Peter, sèvitè m nan, epi tandè pawòl Jezikri yo, Senyè ou la ak Redanmtè ou la.

2 Paske m pale ou avèk presi-zyon epi avèk pisans paske ponyèt mwen sou tout tè a.

3 Epi m pral di ou bagay okenn moun pa konnen eksepte mwen menm ak ou menm sèlman—

4 Paske, anpil fwa, ou te vle

m fè ou konnen ki bagay ki t ap genyen plis valè pou ou.

5 Gade, ou beni poutèt bagay sa a, epi poutèt ou te pale pawòl m te ba ou yo, dapre kòmandman m yo.

6 Epi kounyeya, gade, m di ou konsa, bagay ki pral genyen plis valè pou ou, se pou ou deklare pèp sa a repantans, pou ou kapab mennen nanm moun yo ban mwen, pou ou kapab repoze avèk yo nan wayòm Papa m nan. Amèn.

SEKSYON 17

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou Oliver Cowdery, David Whitmer, ak Martin Harris nan Fayette, New York, Jen 1829, anvan yo te wè plak grave yo ki te genyen rejis Liv Mòmmon an. Joseph ak grefye li a, Oliver Cowdery te aprann nan tradiksyon plak Liv Mòmmon yo, twa temwen espesyal ta pral chwazi (gade nan Etè 5:2–4; 2 Nefi 11:3; 27:12). Oliver Cowdery, David Whitmer, ak Martin Harris te anime avèk yon dezi enspire pou yo vin tounen twa temwen espesyal yo. Pwofèt la te mande Senyè a, epi li te resevwa revelasyon sa a kòm repons atravè Ourim ak Toumim nan.

1–4, *Avèk lafwa, twa temwen yo pral wè plak yo ak lòt materyèl sakre yo; 5–9, Kris la bay temwayaj konsènan divinite Liv Mòmmon an.*

GADE, m di nou, nou dwe konfie nou nan pawòl mwen, si nou fè sa avèk yon kè ki sensè, nou va “wè^b plak yo, ak kiras la, ak epe

16 1a N ap jwen menm bagay la si nou gade nan D&A 15.

17 1a 2 Ne. 27:12; Etè 5:2–4; D&A 5:15. Gade tou

nan “Temwayaj Twa Temwen yo” nan kòmansman Liv Mòmmon an.

b Mòm. 6:6; 1—JS 1:52.

GE Plak.
c 1 Ne. 4:8–9; 2 Ne. 5:14; Jakòb 1:10; Mozya 1:16.

Laban an, ak ^dOurim ak Toumim nan, ^efrè Jarèd la te resevwa yo sou mòn nan lè l te pale avèk Senyè a ^ffasafas la, ak bouldirektè yo ki kapab fè ^gmirak Leyi te resevwa pandan li te nan dezè a, bò ^hLanmè Wouj la.

2 Epi se avèk lafwa nou, nou pral wè yo, avèk menm lafwa sa a ansyen pwofèt yo te genyen an.

3 Epi apre nou fin gen lafwa, epi nou fin wè yo avèk je nou, bay ^atemwaye konsènan yo, avèk pouvwa Bondye;

4 Epi n ap dwe fè sa pou sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, pa detwi, pou m kapab reyalize objektif ki jis mwen yo pou pitit lèzòm yo nan travay sa a.

5 Epi nou pral temwaye pou fè konnen nou te wè yo, menm jan

sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, te wè yo a; paske se avèk pouvwa m li te wè yo, epi se paske li te gen lafwa.

6 Epi li te tradui ^aliv la, ^bpati sa a menm m te kòmande l la, epi menm jan Senyè Bondye nou an vivan, bagay sa a se verite.

7 Se poutèt sa, nou te resevwa menm pouvwa a, menm lafwa, ak menm don an tankou l;

8 Epi si nou respekte dènye kòmandman m sa yo, sila m te ba nou yo, ^apòt lanfè yo p ap gen pouvwa sou nou; paske ^blagras mwen an ase pou nou epi m ap leve nou anlè nan dènye jou a.

9 Epi mwen menm, Jezikri, ^aSenyè nou an ak Bondye nou an te pale avèk nou, pou m kapab reyalize objektif ki jis mwen yo pou pitit lèzòm yo. Amèn.

SEKSYON 18

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la, Oliver Cowdery, ak David Whitmer te resevwa nan Fayette, New York, Jen 1829. Selon Pwofèt la, revelasyon sa a te fè konnen “apèl douz apot yo nan dènye jou sa yo, ansanm ak enstriksyon sou fason pou yo etabli Legliz la.”

1–5, Ekriti yo montre kòman pou edifye Legliz la; 6–8, Mond lanou pouri nan inikite; 9–16, Nanmoun gen anpil valè; 17–25, Pou lèzòm gen sali, yo dwe pran non Kris la sou tèt yo; 26–36, Yo revele apèl ak misyon Douz; 37–39, Oliver Cowdery ak David Whitmer

dwe chèche Douz yo; 40–47, Pou lèzòm kapab gen sali, yo dwe repanti, batize, epi respekte kòmandman yo.

KOUNYEYA, gade, poutèt bagay ou menm, sèvitè m nan, Oliver Cowdery, te vle konnen nan

1d GE Ourim ak Toumim.

e Etè 3.

f Jen. 32:30;

Egz. 33:11;

Moyiz 1:2.

g 1 Ne. 16:10, 16, 26–29;

Alma 37:38–47.

h 1 Ne. 2:5.

3a GE Temwaye;

Temwen.

6a GE Liv Mòmou.

b 2 Ne. 27:22;

3 Ne. 26:7–10.

8a Mat. 16:18;

3 Ne. 11:39;

D&A 10:69.

b GE Gras.

c 1 Ne. 13:37;

3 Ne. 27:14–15, 22;

D&A 9:14.

9a GE Senyè a.

men m nan, m ba ou pawòl sa yo:

2 Gade, m te manifeste ba ou, avèk Lespri mwen plizyè fwa, pou m fè ou konnen bagay ou te ekri yo se "verite; se poutèt sa ou konnen yo se verite.

3 Epi si ou konnen yo se verite, gade, m ba ou yon kòmandman, pou ou repoze sou bagay ki "ekri yo;

4 Paske tout bagay konsènan fondasyon legliz mwen an, "levanjil mwen an, ak ^bwòk mwen an ekri ladan yo.

5 Se poutèt sa, si ou bati legliz mwen an, sou fondasyon levanjil mwen an ak wòk mwen an, pòt lanfè a p ap gen pouvwa sou ou.

6 Gade, "mond lan ou mi nan inikite; epi li nesèsè pou m pouse pitit lèzòm yo ale repanti, ^bJanti yo ak kay Izrayèl la alafwa.

7 Se poutèt sa, kòm ou te "batize anba men Joseph Smith, pitit la, sèvitè m nan, dapre jan m te kòmande li, li te akonpli bagay m te kòmande l la.

8 Epi kounyeya, pa etone ou poutèt m t aple l pou objektif pa m, objektif sa m konnen l; se poutèt sa, si l "dilijan nan ^brespekte kòmandman m yo, l ap "beni ak lavi etènèl; epi non li se "Joseph.

9 Epi kounyeya, Oliver Cowdery, m pale avèk ou, epi tou avèk David Whitmer, pa mwayen kòmandman; paske, gade, m kòmande tout moun tout kote pou yo repanti, epi m pale avèk ou, menm jan m te pale avèk Pòl, "apot mwen an, paske ou te resevwa menm apèl li te resevwa a.

10 Sonje, "nanm yo genyen yon gwo ^bvalè nan je Bondye;

11 Paske, gade, Senyè "Redanmtè w la te soufri ^blanmò nan kò fizik la; se poutèt sa li te "soufri "doulè tout moun, pou rezon sa a tout moun dwe repanti epi vin jwenn li.

12 Epi li te "leve pami mò yo, pou l kapab mennen tout moun vin jwenn li, sou kondisyon pou yo ^brepanti.

13 Epi ala li pran anpil anpil "plezi nan nanm ki repanti a!

14 Se poutèt sa ou resevwa apèl pou ou "kriye repantans nan mitan pèp sa a.

15 Epi si ou travay pandan tout vi ou pou ou kriye repantans nan mitan pèp sa a, epi ou sèlman mennen yon sèl "nanm ban mwen, ala lajwa w ap anpil avèk li nan wayòm Papa m nan!

16 Epi kounyeya, si lajwa w ap anpil avèk yon sèl nanm ou pote

18 2a D&A 6:15-17.

3a D&A 98:11.

GE Ekriti yo—
Valè ekriti yo.

4a GE Levanjil.

b GE Wòch.

6a GE Mond.

b GE Janti yo.

7a I—JS 1:70-71.

8a GE Dilijans.

b GE Obeyi, obeyisan,
obeyisans.

c GE Benediksyon, beni.

d 2 Ne. 3:14-15.

GE Smith, Joseph,
piti la.

9a Wom. 1:1.

10a GE Nanm.

b GE Nanm—
Valè nanm.

11a GE Redanmtè.

b GE Krisifiksyon.

c GE Redanmtè,
restablisman,

redanmsyon.

d Eza. 53:4-5.

GE Ekspyasyon,
ekspye.

12a GE Rezirèksyon.

b D&A 19:4-18.

GE Repantans, repanti.

13a Lik 15:7.

14a Alma 29:1-2;

D&A 34:5-6; 63:57.

15a GE Nanm—
Valè nanm.

ban mwen nan “wayòm Papa m nan, ala ^blajwa w ap anpil si ou ta ‘mennen plis nanm ban mwen!

17 Gade, ou gen levanjil mwen an devan ou, wòk mwen an, ak ^asali mwen an.

18 ^aMande Papa a nan ^bnon mwen avèk lafwa, si w kwè w ap resevwa, epi w ap gen Sentes-pri a, ki manifeste tout bagay ki ^cnesesè bay pitit lèzòm yo.

19 Epi si ou pa gen ^alafwa, ^besperans, ak ^ccharite, ou pa kapab fè anyen.

20 Pa ^agoumen avèk okenn legliz, eksepte ^blegliz dyab la.

21 Pran ^anon Kris la sou tèt ou, epi ^bpale verite nan yon fason ki ^csenp.

22 Epi tout moun ki repanti epi ki ^abatize nan non mwen, ki se Jezikri a, epi ki ^bpèsevere jiska lafen, se moun sa yo k ap sove.

23 Gade, Jezikri se ^anon sa a Papa a bay, epi pa gen okenn lòt non ki te bay pou sove lòm;

24 Se poutèt sa, tout moun dwe pran non Papa a bay la sou tèt yo, paske se nan non sa a yo pral rele yo nan dènye jou a;

25 Se poutèt sa, si yo pa konnen nan ki ^anon yo pral rele yo a,

yo p ap kapab gen plas nan ^bwayòm Papa m nan.

26 Epi kounyeya, gade gen lòt moun ki resevwa apèl pou deklare levanjil mwen an, devan ^aJanti yo tankou devan Juif yo;

27 Wi, menm douz yo; epi ^aDouz yo pral disip mwen, epi yo pral pran non mwen sou yo; epi Douz yo pral moun ki pral gen dezi pran ^bnon mwen sou yo avèk tout kè yo.

28 Epi si yo gen dezi pran non mwen sou yo avèk tout kè yo, yo resevwa apèl pou y ale nan tout ^amond lan preche ^blevanjil mwen an devan ^cchak kreyati.

29 Epi se yo menm m te òdone pou ^abatize moun nan non mwen, dapre sa ki ekri;

30 Epi nou gen bagay ki ekri a devan nou; se poutèt sa, nou dwe akonpli l dapre pawòl ki ekri yo.

31 Epi kounyeya, m pale avèk nou, ^aDouz yo—Gade, lagras mwen an ase pou nou; nou dwe mache dwat devan m epi pa fè peche.

32 Epi, gade, se noumenm m te òdone pou ^aòdone prèt yo ak enstriktè yo; pou deklare levanjil mwen an, ^bdapre pouvwa

16a GE Wayòm Bondye oubyen wayòm syèl la.

b Alma 26:11.
GE Jwa.

c GE Travay misyonè.

17a GE Sali.

18a GE Priyè.

b Jan 15:16.

c D&A 88:63–65.

19a GE Lafwa.

b GE Esperans.

c GE Charite.

20a 2 Tim. 2:23–24;

3 Ne. 11:29–30.

b GE Dyab—
Legliz dyab la.

21a 2 Ne. 31:13;

Mozya 5:8;

3 Ne. 27:5;

D&A 20:37.

b D&A 100:5–8.

c Wom. 12:3.

22a GE Batèm, batize.

b GE Pèsevere.

23a Mal. 1:11;

Tra. 4:12;

Mozya 3:17;

Ela. 3:28–29.

25a Mozya 5:9–14.

b GE Glwa selès.

26a D&A 90:8–9; 112:4.

27a GE Apot.

b D&A 27:12.

28a Mak 16:15–16.

b GE Levanjil.

c D&A 1:2; 42:58.

29a 3 Ne. 11:21–28;

D&A 20:72–74.

31a D&A 107:23–35.

32a Mowo. 3;

D&A 20:60; 107:58.

GE Òdinasyon, òdone.

b 2 Pyè 1:21;

D&A 68:3–4.

Sentespri a ki nan nou an, epi daprè ‘apèl ak kado Bondye bay lèzòm;

33 Epi mwen menm, Jezikri, Senyè nou an ak Bondye, m te di sa.

34 “Pawòl sa yo pa pawòl ni lèzòm ni lòm, men se pawòl mwen; se poutèt sa, nou dwe temwaye yo se pawòl pa m epi yo pa pawòl lòm;

35 Paske se “vwa m ki di nou yo; paske se Lespri m ki ba nou yo, epi avèk pouvwa m nou kapab li yo youn bay lòt; epi si se pa t avèk pouvwa m nou pa t ap kapab genyen yo;

36 Se poutèt sa, nou kapab “temwaye pou fè konnen nou te tande vwa m, epi nou konnen pawòl mwen yo.

37 Epi kounyeya, gade, m ba nou, Oliver Cowdery, epi tou David Whitmer, pou nou chèche Douz yo, ki pral gen dezi bagay m te di yo;

38 Epi se daprè dezi yo ak “travay yo nou pral konnen yo.

39 Epi lè nou wè yo, nou dwe montre yo bagay sa yo.

40 Epi nou dwe bese pou nou “adore Papa a nan non mwen.

41 Epi nou dwe preche mond lan, di yo: nou dwe repanti epi batize, nan non Jezikri;

42 Paske tout moun dwe repanti epi batize, epi pa sèlman gason yo, men fi yo, ak timoun yo ki rive nan laj “rezon.

43 Epi kounyeya, apre nou fin resevwa bagay sa a, nou dwe respekte “kòmandman m yo nan tout bagay;

44 Epi avèk men nou, m pral fè yon “zèv mèveye pami pitit lèzòm, pou ^bkonvenk anpil moun konsènan peche yo, pou yo kapab vini nan repantans, epi pou yo kapab vini nan wayòm Papa m nan.

45 Se poutèt sa, benediksyon m ba nou yo “depase tout bagay.

46 Epi apre nou fin resevwa bagay sa a, si nou pa “respekte kòmandman m yo nou p ap kapab sove nan wayòm Papa m nan.

47 Gade, mwen menmm, Jezikri, Senyè nou an ak Bondye nou an, ak Redanmtè nou an, avèk pouvwa Lespri m, m te di sa. Amèn.

SEKSYON 19

Revelasyon Joseph Smith te resevwa, nan Manchester, New York, pwobableman nan ete 1829. Nan istwa pa li, Pwofèt la prezante l kòm yon “kòmandman Bondye, e non pa yon kòmandman lòm, pou Martin Harris, li te resevwa nan men moun ki se Letènèl la.”

32c D&A 20:27.

34a GE Ekriti yo.

35a D&A 1:38.

GE Vwa.

36a GE Temwaye.

38a GE Zèv.

40a GE Adorasyon.

42a D&A 20:71;

29:47; 68:27.

GE Responsab,
responsablite.

43a GE Kòmandman

Bondye yo.

44a Eza. 29:14;

D&A 4:1.

b Alma 36:12–19;
62:45.

45a D&A 84:35–38.

46a D&A 82:3.

1–3, *Kris la gen tout pouvwa*; 4–5, *Tout moun dwe repanti oubyen soufri*; 6–12, *Pinisyon etènèl se pinisyon Bondye*; 13–20, *Kris la te soufri pou tout moun, pou yo pa soufri si yo repanti*; 21–28, *Preche levanjil repantans la*; 29–41, *Deklare bon nouvèl yo*.

MWEN “Alfa ak Omega, ^bKris Senyè a; wi, m se limenm menm, kòmansman an ak lafen an, Redanmtè mond lan.

2 Mwen menm, m te “akonpli epi m te fin fè volonte moun mwen ye a, Papa a menm, konsènan mwen—m te fè sa pou m kapab ^bsoumèt tout bagay devan m—

3 M te kenbe tout “pouvwa, menm pouvwa pou m ^bdetwi Satan ak zèv li yo nan “finisman mond lan, ak nan dènye gran jou jijman an, m pral pase sou abitan mond lan, pou m “jije chak moun daprè “zèv li yo ak aksyon li te fè yo.

4 Epi asireman chak moun dwe “repanti oubyen ^bsoufri, paske, mwen menm Bondye, m pa gen “finisman.

5 Se poutèt sa, m pa “anile jijman m pral pwononse yo, men, malè pral rive, kriye, ^brele ak

manje dan, wi, pou moun ki bò kote “goch mwen yo.

6 Men, ekriti yo “pa di p ap gen finisman nan touman sa a, men ekriti yo di touman ^bsan finisman.

7 Ankò, ekriti yo di “danasyon etènèl; konsa li pi klè pase lòt ekriti yo, pou l kapab aji sou kè pitit lèzòm, tou sa pou laglwa non mwen.

8 Se poutèt sa, m pral esplike ou mistè sa a, paske se nesèsè pou ou konnen menm jan avèk apot mwen yo.

9 M pale avèk ou menm m te chwazi nan bagay sa a, kòm si se te ou menm sèl, pou ou kapab antre nan “repo m nan.

10 Paske, gade, “mistè diven yo gran anpil! Paske, gade, m san finisman, epi pinisyon ki soti nan men m nan se pinisyon san finisman, paske San ^bfinisman se non mwen. Se poutèt sa—

11 Pinisyon “etènèl se pinisyon Bondye.

12 Pinisyon san finisman se pinisyon Bondye.

13 Se poutèt sa, m kòmande ou pou ou repanti, epi pou ou respekte “kòmandman ou te resevwa nan men Joseph Smith, pitit la, sèvitè m nan, nan non mwen an;

19 1a Apok. 1:8, 11;
3 Ne. 9:18;
D&A 35:1; 61:1.
GE Alfa ak Omega.
b GE Jezikri.
2a Jan 17:4;
3 Ne. 11:11.
b Filip. 3:21.
3a GE Pouvwa.
b Eza. 14:12–17;
1 Jn. 3:8;
1 Ne. 22:26;
D&A 88:111–115.

c GE Mond—Finisman
mond lan.
d GE Jijman, Dènye a.
e GE Zèv.
4a GE Repantans,
repanti.
b Lik 13:3;
Ela. 14:19.
c Moyiz 1:3.
5a D&A 56:4; 58:32.
b Mat. 13:42.
c Mat. 25:41–43.
6a D&A 76:105–106;

138:59.
b D&A 76:33, 44–45.
7a Ela. 12:25–26;
D&A 29:44.
9a GE Repo.
10a Jakòb 4:8;
D&A 76:114–116.
b Moyiz 1:3; 7:35.
GE San finisman.
11a Mat. 25:46.
13a D&A 5:2;
10:6–7; 17.

14 Epi se avèk pouvwa toupisan m nan ou te resevwa yo;

15 Se poutèt sa m kòmande ou pou ou repanti—repanti, pou m pa frape ou avèk baton bouch mwen, epi avèk endiyasyon m, epi avèk kòlè m, epi pou “soufrans ou yo pa rèd—ou pa konnen kòman y ap rèd, ou pa konnen kòman y ap grav, wi, ou pa konnen kòman y ap rèd pou ou sipòte.

16 Paske gade, mwen menm Bondye, m te “soufri bagay sa yo pou tout moun, pou yo ^bpa soufri si yo ‘repanti;

17 Men si yo pa vle repanti yo dwe “soufri tankou m;

18 Soufrans sa a ki te fè, mwen menm, Bondye, ki pi gran pase tout moun, tranble anba doulè, epi ki te fè m senyen nan chak twou swè nan kò m, epi ki te fè m soufri nan ni kò m ni nan lespri m—epi m te swete pou m “pa t bwè tas anmè a, epi tou m te pa t fè bak—

19 Men, laglwa pou Papa a, m te bwè l epi m te “fini preparasyon m yo pou pitit lèzòm.

20 Se poutèt sa, M kòmande ou ankò pou ou repanti, pou m pa oblije ou gen imilite avèk pouvwa toupisan m nan; epi “konfese peche ou yo, pou ou pa

soufri pinisyon m te pale a, pinisyon sa a ou te goute nan pi piti wi, degre, lè m te wete Lespri m nan.

21 M kòmande ou pou ou pa “preche anyen eksepte repantans, epi ^bpa montre mond lan bagay sa yo jistan lasajès mwen vle sa.

22 Paske yo pa kapab “sipòte vyann kounyeya, men yo dwe resevwa ^blèt; se poutèt sa, yo pa dwe konnen bagay sa yo pou yo pa peri.

23 Aprann nan men m, epi koute pawòl mwen yo; “mache nan ^bjantiyès Lespri m nan, epi w ap gen ^clapè nan mwen.

24 M se “Jezikri; m te vini nan volonte Papa a, epi m fè volonte l.

25 Epi ankò, m kòmande ou pou ou pa “konvwate ^bmadanm pwochen ou; ni tou pa chèche pran lavi pwochen ou.

26 Epi ankò, m kòmande ou pou ou pa konvwate pwopriyete pa ou, men pataje l avèk libète pou enprime Liv Mòmòn an, ki gen “verite a ak pawòl Bondye a—

27 Ki se pawòl mwen pou “Janti yo, pou l kapab ale jwenn ^bjuif yo pita, Lamanit yo se yon ^crès Juif yo, pou yo kapab kwè

15a Alma 36:11–19.

16a Alma 11:40–41.
GE Ekspyasyon,
ekspye.

b GE Mizèrikòd.

c GE Remisyon
peche yo.

17a D&A 29:17.

18a Lik 22:42–44.

19a Jan 17:4; 19:30.

20a Nonb 5:6–7;
Mozya 26:29;

D&A 58:43; 64:7.

GE Konfese,
konfesyon.

21a D&A 11:9.

b I—JS 1:42.

22a D&A 78:17–18.

b Ebre 5:11–14;
D&A 50:40.

23a Mowo. 7:3–4.

b GE Dou, dousè.

c GE Lapè.

24a GE Jezikri.

25a GE Konvwate.

b Egz. 20:17;

1 Kor. 7:2–4.

GE Adiltè.

26a GE Verite.

27a GE Janti yo.

b GE Juif yo.

c Omni 1:14–19;

Mozya 25:2–4;

Ela. 8:21;

3 Ne. 2:12–16.

levanjil mwen an, epi pou yo pa rete tann ^dMesi ki te deja vini an.

28 Epi ankò, m kòmande ou pou ou ^apriye ^bfò epi pou ou priye nan kè ou; wi, devan mond lan epi an sekre, an piblik epi an prive.

29 Epi ou dwe ^adeklare bon nouvèl la, wi, pibliye l sou mòn yo, ak sou tout kote ki wo, ak pami chak pèp ou gen pèmision pou ou wè.

30 Epi ou dwe fè sa avèk anpil imilite, pou ou ^akonfye ou nan mwen, epi pou pa goumen avèk moun k ap goumen yo.

31 Epi w pa dwe pale konsènan ^adoktrin, men ou dwe deklare repantans ak ^blafwa nan Sovè a, ak ^cpadon pou peche nan ^abatèm, epi nan ^ddife, wi, nan ^eSentespri a menm.

32 Gade, sa se yon ^agran epi se dènye kòmandman m ap ba ou konsènan zafè sa a; paske sa ap ase pou konpòtman ou, menm jiska lafen vi ou.

33 Epi w ap frape ak lamizè si ou neglije ^akonsèy sa yo, wi, menm destriksyon tèt pa ou ak byen ou yo.

34 ^aBay yon pòsyon nan byen

ou yo, wi, menm yon pati nan tèt ou yo, epi bay tout eksepte sa pou ou pran swen fanmi ou;

35 Peye ^adèt ou te ^bkontrakte avèk enprimè a. Wete tèt ou anba ^cesklavaj.

36 ^aKite kay ou ak fwaye ou, eksepte lè ou gen dezi wè fanmi ou;

37 Epi ^apale avèk tout moun libelibè; wi, preche, egzòte, deklare ^bverite a, menm avèk yon vwa fò, avèk yon son ki bay rejwisans, lè kriye—Ozana, ozana, se pou non Senyè Bondye a beni!

38 ^aPriye toutan, epi m ap ^bvide Lespri m sou ou, epi benediksyon w ap anpil—wi, plis pase si ou ta jwenn trezò tèt yo ak tout sistèm koripsyon ki mache ak yo.

39 Gade, èske ou kapab li bagay sa a san ou pa ta rejwi epi san kè ou pa ta ranpli avèk kontantman?

40 Oubyen èske ou kapab kontinye kouri tribòbabò tankou yon gid ki avèg?

41 Oubyen èske ou kapab gen ^aimilite, konpòte ou dousman, epi kondi tèt ou avèk lasajès devan m? Wi, ^bvin jwenn mwen, Sovè ou la. Amèn.

27^d GE Mesi.

28^a 1 Tim. 2:8.

GE Priyè.

^b D&A 20:47, 51; 23:6.

29^a GE Travay misyonè.

30^a GE Konfyans, konfye.

31^a 2 Tim. 2:23–24.

^b GE Lafwa.

^c GE Remisyon

peche yo.

^d GE Batèm, batize.

^e Mat. 3:11.

^f GE Don Sentespri.

32^a D&A 58:26–29.

33^a GE Kòmandman

Bondye yo.

34^a Tra. 4:34–35.

35^a GE Dèt.

^b svd peye pou piblikasyon premye edisyon Liv Mòm an.

^c Pwov. 22:7.

36^a Mat. 19:29.

37^a D&A 58:47;

68:8; 71:7.

^b D&A 75:4.

38^a Lik 18:1;

2 Ne. 32:9;

D&A 10:5.

^b Pwov. 1:23;

Tra. 2:17.

41^a GE Enb, imilite.

^b Mat. 11:28–30.

SEKSYON 20

Revelasyon konsènan òganizasyon ak gouvenman Legliz la, Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Fayette oswa tou pre Fayette nan New York. Li kapab te resevwa kèk pati nan revelasyon sa a depi an ete 1829. Revelasyon konplè a, ke yo te rekonèt nan moman an kòm Atik ak Alyans yo, te pwobableman ekri tousuit apre 6 Avril 1830 (jou yo te òganize Legliz la). Pwofèt la te ekri: "Nou te resevwa bagay sa a nan men l [Jezikri], pa lantremiz lespri pwofesi ak revelasyon an; ki pa t sèlman ba nou enfòmasyon yo, men tou ki te endike nou jou egzat la, kote dapre volonte l ak kòmandman l, nou dwe òganize Legliz Li a youn fwa ankò sou tè a."

1-16, Liv Mòmou an pwouve divinite travay dènye-jou a; 17-28, Li konfime doktrin kreyasyon yo, chit la, ekspyasyon an, ak batèm nan; 29-37, Li tabli lwa yo ki gouvènè repantans, jistifikasyon, sanktifikasyon, ak batèm; 38-67, Li rezime devwa ansyen yo, prèt yo, enstriktè yo, ak dyak yo; 68-74, Li revele devwa manm yo, benediksyon timoun yo, ak fason pou batèm fèt; 75-84, Li bay priyè sentsèn yo ak règ ki endike fason pou moun vin manm Legliz la.

"RETABLISMAN ^bLegliz Kris la nan dènye jou sa yo, kòmanse mil ywisantrant lane depi lè aparasyon Senyè ak Sovè nou an Jezikri nan kò fizik la, li te ^còganiz an règ epi li te tabli dapre lalwa peyi nou an, dapre volonte ak kòmandman Bondye, nan katriyèm mwa, epi nan sizyèm jou mwa, ki rele Avril la—

2 Joseph Smith, pitit la, te resevwa kòmandman sa yo, limenm ki te jwenn ^aapèl li nan men Bon-

dye, epi ki te òdone kòm ^bapote Jezikri, pou l te kapab devni premye ^cansyen nan Legliz sa a;

3 Epi Oliver Cowdery, limenm ki te jwenn nouvèl tou nan men Bondye kòm yon apote Jezikri, kòm dezyèm ansyen legliz, sa a e li te òdone anba men l;

4 Epi sa te fèt dapre lagras Senyè nou an ak Sovè Jezikri nou an, se limenm ki merite tout lagwa a, ni kounyeya epi pou tout tan. Amèn.

5 Apre li te vreman manifeste nan premye ansyen sa a ke li te resevwa padon pou peche l yo, li te ^apran ankò nan pyèj vanite mond lan;

6 Men, apre l te fin repanti, epi l te fin gen imilite avèk senserite, nan lafwa, Bondye te administre l palantremiz yon ^azanj sen, ki te gen ^bfigi l klere tankou zeklè, ak gaman li pi, epi blanch pase tout blanchè;

7 Epi li te ba l kòmandman yo ki te enspire l;

8 Epi li te resevwa pouvwa ki

20 ^{1a} I—JS 1:2.

^b 3 Ne. 27:1-8.

GE Legliz, non;
Legliz Jezikri pou
Sen Dènye Jou yo.

^c D&A 21:3.

^{2a} GE Aple, Bondye te
aple, apèl;
Otorite.
^b GE Apote.

^c GE Ansyen, Èldè.

^{5a} I—JS 1:28-29.

^{6a} I—JS 1:30-35.

GE Zanj yo.

^b Mat. 28:2-3.

te soti anlè, pa “mwayen ki te deja pare, pou l tradui Liv Mòm on an;

9 Liv sa a gen rejis yon pèp ki te dechi, ak “plenitid ^blevanjil Jezi-kri a pou Janti yo ak Juif yo tou;

10 Levanjil sa a yo te resevwa l sou enspirasyon, epi ki te konfime bay ^alòt moun yo pa mwayen travay zanj yo epi se te zanj yo tou ki te ^bdeklare l bay mond lan—

11 Lè yo pwouve mond lan ekriti sen yo se “verite, epi Bondye ^benspire lèzòm epi li bay yo apèl nan travay “sen li a nan epòk ak jenerasyon sa a, menm jan avèk jenerasyon pase yo;

12 Se konsa; li montre li se “menm Bondye a ayè, jodi a, epi pou tout tan. Amèn.

13 Se poutèt sa, paske gen tèlman gwo temwayaj, se yo menm ki pral jije mond lan, menm tout moun ki pral gen yon konesans konsènan zèv sa a, kòmanse depi kounyeya.

14 Epi moun ki resevwa l avèk lafwa, epi ki pratike ^alajistis, y ap resevwa yon ^bkouwòn lavi etènèl;

15 Men sila yo ki fè kè yo di nan ^aenkredilite, epi ki rejte l, l

ap tounen pwòp kondanasyon pa yo—

16 Paske Senyè Bondye a te di sa; epi konsènan nou menm, ansyen yo ki nan legliz la, nou te tandè epi annou bay temwayaj pawòl yo Majeste gloriye ki anlè a, limenm ki merite laglwa pou toutan e pou toutan. Amèn.

17 Avèk bagay sa yo nou ^akonnen gen yon ^bBondye nan syèl la, ki enfini epi ki etènèl, depi nan letènite jouk nan letènite, menm Bondye enchanjab la, enjenyè syèl la ak tè a, ak tout bagay ki ladan yo;

18 Epi li te ^akreye lòm, gason ak fi, dapre ^bimaj pa li epi nan resanblans li, li te kreye yo;

19 Epi li te ba yo kòmmandman pou yo ^arenmen l epi pou yo ^bsèvi l, sèl vrè Bondye ki vivan an, epi li dwe sèl èt pou yo “adore.

20 Men, akoz transgresyon lalwa sen sa yo, lòm devni ^asansyèl epi ^bdyabolik, epi l vin tounen lòm “dechi.

21 Se poutèt sa, Bondye Toupi-san an te bay ^aSèl Pitit Gason Literal li a, jan sa te ekri nan ekriti sa yo limenm menm te bay yo.

22 Li te soufri ^atantasyon yo, men li pa t sikonbe anba yo.

8a GE Ourim ak Toumim.
9a I—JS 1:34.

b GE Levanjil.

10a Mowo. 7:29–32;
D&A 5:11.

b Gade “Temwayaj Twa Temwen yo” ak “Temwayaj Yuit Temwen yo” ki nan kòmansman Liv Mòm on an.

11a GE Ekriti yo—
Valè ekriti yo.

b GE Enspirasyon, enspire.

c GE Sen (adj).

12a Ebre 13:8;

1 Ne. 10:18–19;

Mòm. 9:9–10;

D&A 35:1; 38:1–4.

14a GE Jis, jistis.

b GE Egzaltasyon;

Lavi etènèl.

15a GE Enkredilite.

17a D&A 76:22–23.

b Joz. 2:11.

GE Bondye, Divinite.

18a GE Kreyasyon, kreye.

b Jen. 1:26–27;

Mozya 7:27;

Etè 3:14–17.

19a Det. 11:1;

Mat. 22:37;

Mowo. 10:32;

D&A 59:5–6.

b Det. 6:13–15.

GE Sèvis.

c GE Sansyalite.

20a GE Sansyalite, sansyèl.

b GE Dyab.

c GE Lòm natirèl.

21a GE Sèl pitit literal.

22a Mat. 4:1–11; 27:40.

23 Yo te ^akrisifye l, li te mouri, epi li te ^bleve ankò twazyèm jou a;

24 Epi li te ^amonte nan syèl la, pou l ale chita adwat ^bPapa a, pou l gouvène avèk pouvwa tou-pisan an daprè volonte Papa a;

25 Pou tout moun ki ta ^akwè epi ki ta batize nan non sen li a, epi ki ^bpèsevere nan lafwa jiska lafen, ta kapab sove—

26 Pou se pa sèlman moun ki te kwè apre l te vini nan ^amidi tan an, nan kò fizik la, men tout sila yo depi nan kòmansman an, menm tout moun ki te la anvan l te vini an, ki te kwè nan pawòl ^bpwofèt sen yo, ki te pale lè ^cdon Sentespri a te enspire yo, ki te ^atemwaye konsènan li nan tout bagay, ta dwe gen lavi etènèl,

27 Se menm jan tou pou moun k ap vini apre yo, k ap kwè nan ^adon ak apèl Bondye yo, pa mwayen Sentespri a, ki ^bbay temwayaj konsènan Papa a ak Pitit Gason an;

28 Papa sa a, Pitit Gason sa a, ak Sentespri sa a ki se yon ^asèl Bondye, enfini epi etènèl, san finisman. Amèn.

29 Epi nou konnen tout moun dwe ^arepanti epi kwè nan non Jezikri, epi adore Papa a nan non

li, epi pèsevere nan ^blafwa nan non li jiska lafen, oubyen yo p ap kapab ^csove nan wayòm Bondye a.

30 Epi nou konnen ^ajistikasyon pa mwayen ^blagras Senyè a ak Sovè Jezikri nou an jis epi li se verite;

31 Epi tou nou konnen ^asanktifikasyon pa mwayen lagras Senyè a ak Sovè Jezikri nou an jis epi li se verite, pou tout sila yo ki renmen epi ki sèvi Bondye avèk tout ^bpouvwa yo, tou panse yo, ak tout fòs yo.

32 Men gen yon posiblite pou lòm ^atonbe lwen lagras la epi pou l pati lwen Bondye vivan an;

33 Se poutèt sa, se pou legliz la toujou fè atansyon epi pou l toujou priye, pou l pa tonbe nan ^atantasyon;

34 Wi, epi se pou menm moun ki sanktifike yo fè atansyon tou.

35 Epi nou konnen bagay sa yo se verite, epi daprè revelasyon Jan yo, anyen pa dwe ^aajoute ni wete nan pwofesi liv li a, nan ^bekriti sen yo, oubyen nan revelasyon Bondye yo ki pral vini apre pa mwayen don ak pouvwa Sentespri a, ^cvwa Bondye a, oubyen travay zanj yo.

36 Epi Senyè Bondye te di sa,

23a GE Krisifiksyon.

b GE Rezirèksyon.

24a GE Asansyon.

b GE Bondye, Divinite—
Bondye Papa a;
Papa ki nan Syèl la.

25a D&A 35:2; 38:4; 45:5,
8; 68:9; 76:51–53.

b GE Pèsevere.

26a D&A 39:1–3.

b Jakòb 4:4; 7:11;
Mozya 13:33.

c Moyiz 5:58.

GE Sentespri.

d GE Jezikri—Pwofesi
konsènan nesans
ak lanmò Jezikri.

27a D&A 18:32.

b D&A 42:17.

28a Jan 17:20–22;

3 Ne. 11:27, 36.

GE Bondye, Divinite.

29a GE Repantans,
repanti.

b GE Lafwa.

c GE Plan redanmsyon;

Sali.

30a GE Jistikasyon,
jistifye.

b GE Gras.

31a GE Sanktifikasyon.

b Det. 6:5;

Mowo. 10:32.

32a GE Apostazi;

Rebelyon.

33a GE Tantasyon, tante.

35a Apok. 22:18–19.

b GE Ekriti yo.

c D&A 18:33–36.

epi se pou moun bay non sen li a onè, pouvwa ak laglwa, depi kounyeya pou tout tan. Amèn.

37 *Epi ankò, kòm kòmandman pou legliz la konsènan fason batèm dwe fèt*—Tout moun ki imilye yo devan Bondye, epi ki vle “batize, epi ki vini avèk yon ^bkè brize ak yon lespri kontri, epi ki temwaye devan legliz la pou fè konnen yo te gade repanti nan peche yo, epi ki vle pran ‘non Jezikri sou tèt yo, ki gen yon ^ddetèminasyon pou sèvi l jiska lafen, epi ki manifeste an verite vre pa mwayen ^ezèv yo, pa mwayen yo te resevwa Lespri Jezikri a; pou ^fpadon peche yo, yo dwe resevwa yo pa mwayen batèm nan legliz li a.

38 *Devwa ansyen yo, prèt yo, enstriktè yo, dyak yo, ak manm legliz Jezikri yo*—Yon ^aApot se yon ansyen, epi apèl li se pou l ^bbatize moun;

39 Epi pou l ^aòdone lòt ansyen yo, prèt yo, enstriktè yo, ak dyak yo;

40 Epi pou l ^aadministre sentèsan ki se amblèm kò fizik ak san Kris la—

41 Epi pou ^akonfime moun ki batize nan legliz yo, lè yo fè enpozisyon ^bmen pou batèm dife ak ^cSentespri a, dapre ekriti yo;

42 Epi pou ansenye, eksplike,

egzòte, batize, epi veye sou legliz la;

43 Epi pou konfime manm legliz la lè yo fè enpozisyon men, epi lè yo bay don Sentespri a;

44 Epi pou yo dirije tout reyinyon yo.

45 Ansyen yo dwe ^adirije reyinyon yo jan Sentespri a gide yo, dapre kòmandman ak revelasyon Bondye yo.

46 Devwa ^aprèt la se pou l preche, ^banseye, eksplike, egzòte, batize, epi administre sentèsan nan,

47 Epi vizite kay chak manm, pou egzòte yo pou yo ^apriye ^bawotvwa an sekre, epi pou yo akonpli tout ^cdevwa famiyal.

48 Epi tou li kapab ^aòdone lòt prèt yo, enstriktè yo, ak dyak yo.

49 Epi li dwe prezide tout reyinyon yo lè okenn ansyen pa la;

50 Men, lè yon ansyen la, li dwe sèlman preche, anseye, eksplike, egzòte, epi batize,

51 Epi vizite kay chak manm, egzòte yo pou yo priye awotvwa epi an sekre, epi pou yo ranpli tout devwa famiyal yo.

52 Nan tout devwa sa yo, prèt la dwe ^aede ansyen an si okazyon an rekòmande l.

53 Devwa ^aenstriktè a se pou l toujou ^bveye sou legliz la, se pou l avèk yo epi pou l fòtifye yo;

37a GE Batèm, batize.

b GE Kè brize.

c Mozya 5:7-9; 18:8-10.

GE Jezikri—Pran non Jezikri avèk nou.

d GE Pèsevere.

e Jak 2:18.

GE Zèv.

f GE Remisyon peche yo.

38a GE Apot.

b 3 Ne. 11:21-22.

39a Mowo. 3;

D&A 107:58.

40a GE Sentsèn.

41a D&A 33:11, 14-

15; 55:3.

b GE Men, Enpozisyon.

c GE Don Sentespri.

45a Mowo. 6:9;

D&A 46:2.

46a D&A 84:111; 107:61.

GE Prèt, prètriz

Aawon.

b GE Ansenye, enstriktè.

47a 1 Tim. 2:8.

b D&A 19:28.

c GE Fanmi.

48a GE Òdinasyon, òdone.

52a D&A 107:14.

53a GE Enstriktè,

Prètriz Aawon.

b GE Santinèl, veye.

54 Epi pou l pa kite gen inikite nan legliz la, ni ^amechanste youn kont lòt, ni manti, kalomni, ni ^bmedizans;

55 Epi pou l fè legliz la reyini ansanm souvan, epi pou l fè tout manm yo fè devwa yo.

56 Epi li dwe dirije reyinyon yo lè pa gen ansyen oubyen prèt—

57 Epi dyak yo dwe toujou ede l nan tout devwa legliz yo, pa mwayen ^adyak yo lè okazyon an rekòmande l.

58 Men ni enstriktè yo, ni dyak yo pa gen otorite pou yo batize moun, pou administre sentsèn nan, oubyen pon fè enpozisyon men;

59 Sepandan, yo dwe avèti, eksplike, egzòte, ak anseye, epi envite tout moun vin jwenn Kris la.

60 Chak ^aansyen, prèt, enstriktè, oubyen dyak dwe òdone dapre don ak ^bapèl yo Bondye ba li; epi li dwe òdone avèk pouvwva Sentespri a, ki nan moun ki òdone l la.

61 Plizyè ansyen yo ki konpoze legliz Kris la dwe reyini nan konferans yon fwa chak twa mwa, oubyen tanzantan jan konferans yo dikte yo oubyen tabli;

62 Epi konferans yo dwe fè tout sa ki nesèsè pou administrasyon legliz la fè nan moman an.

63 Ansyen yo dwe resevwa lisans yo nan men lòt ansyen,

avèk ^avòt legliz kote yo mache a, oubyen nan konferans yo.

64 Chak prèt, enstriktè, oubyen dyak, yon prèt òdone dwe resevwa yon sètifika nan men l lè sa a, ^asètifika sa a kapab kalifye l pou yon lisans, lè l prezante l bay yon ansyen, ki kapab otorize l pou l akonpli devwa apèl li yo, oubyen li dwe resevwa l nan yon konferans.

65 Yo pa dwe ^aòdone pèsonn pou yon ofis nan legliz sa a, kote gen yon branch regilye legliz la ki òganize, san ^bvòt legliz sa a;

66 Men, ansyen k ap prezide yo, evèk k ap vwayaje yo, manm gran konsèy yo yo, gran prèt yo, ak ansyen yo kapab gen privilèj pou yo òdone moun, kote pa gen branch legliz la pou vote.

67 Chak prezidan nan gran prèttriz la (oubyen ansyen k ap prezide a) ^aevèk, manm gran konsèy, ak ^bgran prèt dwe resevwa òdinasyon sou direksyon yon ^cgran konsèy oubyen yon konferans jeneral.

68 ^aDevwa manm yo apre yo fin resevwa batèm—Ansyen yo oubyen prèt yo dwe gen ase tan pou eksplike yo epi fè yo ^bkonprann tout bagay konsènan legliz Kris la, anvan yo pran ^csentsèn nan epi anvan ansyen yo konfime yo anba enpozisyon ^dmen ansyen yo, pou tout bagay kapab fèt nan lòd.

54a 1 Tes. 5:11–13.

b GE Move pawòl.

57a GE Dyak.

60a GE Ansyen, Èldè.

b GE Aple, Bondye te aple, apèl.

63a GE Konsantman

jeneral.

64a D&A 20:84; 52:41.

65a GE Òdinasyon, òdone.

b D&A 26:2.

GE Konsantman

jeneral.

67a GE Evèk.

b GE Gran prèt.

c GE Gran Konsèy.

68a GE Devwa.

b GE Konpreyansyon.

c GE Sentsèn.

d GE Men, Enpozisyon.

69 Epi manm yo dwe manifeste devan legliz la, ak devan ansyen yo, avèk yon konduit epi yon konvèsasyon agreyab, pou fè konnen yo diy pou sa, pou kapab gen ^azèv ak lafwa ki gen rapò avèk ekriti sen yo—pou yo mache nan ^bsentete devan Senyè a.

70 Chak manm nan legliz Kris la ki gen pitit, li dwe mennen yo bay ansyen yo devan legliz la, ki dwe enpoze men sou yo nan non Jezikri, pou ^abeni yo nan non l.

71 Yo pa kapab resevwa okenn moun nan legliz Kris la san li pa rive nan laj ^aresponsablite devan Bondye, epi san l pa kapab fè ^brepantans.

72 ^aBatèm dwe administre nan fason sa a pou tout moun ki repanti—

73 Moun Bondye bay apèl la epi ki jwenn otorite nan men Jezikri pou l fè batèm dwe desann nan dlo a avèk moun ki prezante tèt li pou batèm nan, epi li dwe di, pandan l nonmen non moun nan: Paske m te resevwa otorite nan men Jezikri, m batize ou nan non Papa a, ak Pitit Gason an, ak Sentespri a. Amèn.

74 Apre sa li dwe ^aplonje l anba dlo a, epi soti l nan dlo a.

75 Epi li nesèsè pou legliz la reyini ansanm souvan pou yo

^apataje pen ak bwè diven nan ^bmemwa Senyè a Jezi;

76 Epi ansyen an oubyen prèt la dwe administre l; epi se nan ^afason sa a li dwe administre l—li dwe mete l ajenou avèk legliz la pou l evoke non Papa a nan yon priyè solanèl, pou l di:

77 O Bondye, Papa Etènèl la, nou mande w, nan non Pitit Gason w lan, Jezikri, pou ou beni ak sanktifye ^apen sa a pou nanm tout moun ki pran ladan l, pou yo kapab manje nan memwa kò Pitit Gason w lan, epi pou yo rann ou ^btemwayaj, O Bondye, Papa Etènèl la, ke yo vle ^cpote non Pitit Gason w lan sou yo, pou yo toujou sonje l, epi pou yo ^drespekte kòmandman l yo ke li te ba yo, pou yo kapab toujou gen ^eLespri l avèk yo. Amèn.

78 ^aFason pou administre diven an—lap pran ^bvè a, epi l di:

79 O Bondye, Papa Etènèl la, nou mande w, nan non Pitit Gason w lan, Jezikri, pou ou beni ak sanktifye ^adiven sa a pou nanm tout moun ki bwè ladan l, pou yo kapab fè sa nan memwa san Pitit Gason w lan, ki te koule pou yo; pou yo kapab rann ou temwayaj, O Bondye, Papa Etènèl la, ke yo toujou sonje l, pou yo kapab gen Lespri l avèk yo. Amèn.

69a Jak 2:14–17.

b GE Sentete.

70a GE Benediksyon, beni—Benediksyon timoun.

71a D&A 18:42; 29:47; 68:25–27.

GE Batèm, batize—Kalifikasyon pou batèm; Responsab,

responsablite.

b GE Repantans, repanti.

72a 3 Ne. 11:22–28.

74a GE Batèm, batize—Batèm pa imèsyon.

75a Tra. 20:7.

b GE Sentsèn.

76a Mowo. 4.

77a Lik 22:19.

b Mozya 18:8–10;

D&A 20:37.

c Mozya 5:8–12.

d GE Obeyi, obeyisan, obeyisans.

e Jan 14:16.

78a Mowo. 5.

b Lik 22:20.

79a D&A 27:2–4.

80 Nenpòt manm nan legliz Kris la ki transgrese, oubyen yo kenbe nan yon fot, yo dwe trete l jan ekriti yo di a.

81 Se pral devwa tout branch yo, ki fè pati legliz Kris la, pou yo voye youn oubyen pliziè nan enstriktè yo patisipe nan tout konferans ansyen yo nan legliz la,

82 Avèk yon lis “non anpil manm yo ki te reyini ansanm nan legliz la depi dènye konferans la; oubyen voye kèk prèt pote l; konsa, pou youn nan ansyen yo kapab kenbe yon lis regilye ki gen non tout manm legliz la nan yon liv, nenpòt moun lòt ansyen yo nonmen tanzantan;

83 Epi tou, si ta genyen nenpòt moun yo te “chase nan legliz la, pou non yo ta kapab efase nan rejis jeneral legliz la.

84 Tout manm ki deplase nan zòn legliz la kote yo rete a, si yo prale nan yon inite legliz la kote moun pa konnen yo, yo dwe pran yon lèt pou sètifye yo se manm regilye epi yo gen bon dosye, sètifika sa a, nenpòt ansyen oubyen nenpòt prèt kapab siyen l, si manm sa a k ap resevwa lèt la konnen ansyen an oubyen prèt la pèsònèlman, oubyen enstriktè ak dyak yo nan legliz la kapab siyen l.

SEKSYON 21

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Fayette, New York, 6 Avril 1830. Li te resevwa revelasyon sa a nan moman òganizasyon Legliz la, nan menm dat la, lakay Peter Whitmer, papa a. Sis gason, ki te deja batize, te patisipe. Avèk yon vòt jeneral, moun sa yo te eksprime volonte yo ak detèminasyon yo pou yo òganize yo, dapre kòmandman Bondye yo (gade nan seksyon 20). Konsa tou yo te vote pou yo aksepte epi pou yo soutni Joseph Smith, pitit la ak Oliver Cowdery kòm ofisye pou prezide sou Legliz la. Apre sa, Joseph te fè enpozisyon men, pou l te òdone Oliver kòm yon ansyen nan Legliz la, epi Oliver te òdone Joseph menm jan an tou. Apre administrasyon sentsèn nan, Joseph ak Oliver te enpoze men sou chak patisipan pou ba yo Sentespri a epi pou konfimasyon yo chak kòm manm Legliz la.

1–3, Joseph Smith te resevwa apèl kòm vwayan, tradiktè, pwofèt, apot, ak ansyen; 4–8, Pawòl li gide kòz Siyon an; 9–12, Sen yo pral kwè nan pawòl li yo lè l pale pa lantremiz Konsolatè a.

GADE, yo dwe kenbe yon “rejis pami nou epi ladan l, yo dwe rele w b vwayan, tradiktè, pwofèt, apot Jezikri, ansyen nan legliz la dapre volonte Papa Bondye, ak lagras Senyè w la, Jezikri.

82a Mowo. 6:4.

83a Egz. 32:33;

Alma 5:57;

Mowo. 6:7.

GE Ekskomunikasyon.

21 1a D&A 47:1;

69:3–8; 85:1.

b GE Vwayan.

c GE Apot.

2 Paske Sentespri a te ^aenspire l pou l tabli fondasyon legliz la, epi pou l bati l sou lafwa ki pi sen an.

3 ^aLegliz sa a ki te ^bòganize epi ki te tabli nan lane Senyè w la, mil uisantrant, nan katriyèm mwa, epi nan sizyèm jou mwa ki rele Avril la.

4 Se poutèt sa, ki vle di legliz la, ou dwe koute tout ^apawòl ak kòmandman li ba ou, lè l resevwa yo, lè l mache nan tout ^bsentete devan m;

5 Paske, nou pral resevwa ^apawòl li, tankou l te soti nan pwòp bouch pa m, nan tout pasyans ak lafwa.

6 Paske, lè nou fè sa, ^apòt lanfè yo p ap gen viktwa sou nou; wi, epi Senyè Bondye a ap dispèse pouvwa ^btenèb yo devan nou, epi l ap fè syèl yo ^csouke pou byen nou, ak pou ^dlaglwa non li.

7 Paske Senyè Bondye a di konsa: Se limenm m te enspire pou aktive kòz ^aSiyon an avèk gwo pouvwa pou sa ki byen, epi m konnen dilijans li, epi m te koute priyè l yo.

8 Wi, m te wè dlo nan je l pou

Siyon, epi m p ap kite l kriye pou li ankò; paske jou rejwisans li yo rive poutèt ^apadon peche li yo, ak manifestasyon benediksyon m yo sou travay li yo.

9 Paske, gade, m ap ^abeni tout sila yo ki travay nan ^bjaden m nan avèk yon gwo benediksyon, epi y ap kwè nan pawòl mwen yo, pawòl sa a yo li te resevwa yo nan menm ^ckonsolatè a, ki pa mwayen te ^dmanifeste pou fè konnen Jezi te ^ekrisifye anba men moun ki te ^fplen pechè ^gmond lan pou padon peche moun ki gen ^hkè kontri.

10 Se poutèt sa, m te jije l nesèsè pou l ta ^aòdone anba men ou, Oliver Cowdery, apot mwen an;

11 Sa se yon òdonans pou ou, ki fè konnen ou se yon ansyen anba men l, li se ^apremye pou ou, pou ou kapab yon ansyen pou legliz Kris sa a, ki pote non m—

12 Epi premye predikatè legliz sa a, pou legliz lan, epi devan mond lan, wi, devan Janti yo; wi, epi se sa Senyè Bondye a te di, malè, malè pou ^aJuif yo tou! Amèn.

2a GE Enspirasyon, enspire.

3a GE Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.

b D&A 20:1.

4a GE Èkriti yo.

b GE Sentete.

5a D&A 1:38.

GE Pwofèt;
Soutni dirijan
legliz yo.

6a Mat. 16:18;

D&A 10:69.

b Kol. 1:12–13.

c D&A 35:24.

d GE Glwa.

7a GE Siyon.

8a D&A 20:5–6.

9a 1 Ne. 13:37;

Jakòb 5:70–76.

b GE Jaden Senyè a.

c GE Konsolatè.

d GE Temwaye.

e GE Krisifiksyon.

f GE Peche.

g 1 Jn. 2:2.

GE Mond—

Moun ki pa obeyi
kòmandman yo.

h GE Kè brize.

10a GE Òdinasyon,
òdone.

11a D&A 20:2.

12a 1 Ne. 13:42;

D&A 19:27; 90:8–9.

SEKSYON 22

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resewa, nan Manchester, New York, 16 Avril 1830. Legliz la te resewa revelasyon sa a kòm konsekans pou kèk moun ki te deja batize epi ki te vle vin manm Legliz la san yo pa rebatize.

1, Batèm se yon nouvo alyans etènèl; 2–4, Se yon moun ki gen otorite ki dwe fè batèm.

GADE m di nou, m te fini avèk tout ansyen alyans yo nan domèn sa a; epi sa se yon nouvo alyans etènèl, menm alyans ki te la depi nan kòmansman an.

2 Se poutèt sa, menm si yon moun ta batize san fwa deja, sa pa itil li anyen, pase nou pa

kapab antre nan pòt etwat la avèk ^alalwa Moyiz la, ni tou avèk move ^bzèv nou yo.

3 Paske se poutèt move zèv nou yo m te fè bati dènye alyans sa a ak legliz sa a pou mwen, menm jan sa te fèt nan tan lontan an.

4 Se poutèt sa, antre nan ^apòt la, jan m kòmande l la, epi pa ^bchèche bay Bondye w la konsèy. Amèn.

SEKSYON 23

Yon seri ki gen senk revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resewa, nan Manchester, New York, ann Avril 1830, pou Oliver Cowdery, Hyrum Smith, Samuel H. Smith, Joseph Smith, papa a, ak Joseph Knight, papa a. Kòm rezilta pou volonte onèt ki soti kote senk moun nou te nonmen yo, ki te vle konnen devwa pa yo, Pwofèt la te mande Senyè a e pi l te resewa yon revelasyon pou chak moun.

1–7, Premye disip sa yo resewa apèl pou yo preche, egzòte, epi pou yo fòtifie Legliz la.

GADE, m ap di ou, Oliver Cowdery, kèk pawòl. Gade ou beni, epi ou pa anba okenn kondanasyon. Men, fè atansyon ak ^alògèy, pou ou pa tonbe nan ^btanstasyon.

2 Fè legliz la ak mond lan konnen apèl ou a, epi kè w ap louvri pou ou preche verite a depi lè sa a, pou tout tan. Amèn.

3 Gade, m di w, Hyrum, kèk pawòl; paske ou menm tou ou pa anba kondanasyon, epi kè w louvri, epi lang ou delye; epi apèl ou se pou w egzòte, epi pou w ^afòtifie legliz la toutan. Se

22 1a Ebre 8:13;
3 Ne. 12:46–47.
b D&A 66:2.
GE Alyans;
Nouvo alyans etènèl.
2a Gal. 2:16.

GE Lwa Moyiz.
b Mowo. 8:23–26.
4a Mat. 7:13–14;
Lik 13:24;
2 Ne. 9:41; 31:9,
17–18;

3 Ne. 14:13–14.
GE Batèm, batize.
b Jakòb 4:10.
23 1a GE Lògèy.
b GE Tantasyon, tante.
3a D&A 81:4–5; 108:7.

poutèt sa, pou toutan ou responsab legliz la, epi se akoz fanmi pa w. Amèn.

4 Gade, m di ou kèk pawòl, “Samuel; paske ou menm tou ou pa anba kondanasyon tou, epi apèl ou se pou egzòte, epi pou ou ranfòse legliz la; epi ou poko resevwa apèl pou ou preche devan mond lan. Amèn.

5 Gade Joseph, m ap di ou kèk pawòl, paske ou pa anba kondanasyon, epi apèl ou se pou ou fòtifie legliz la; epi se apèl ou depi kounyeya pou toutan. Amèn.

6 Gade, m ap manifeste nan ou, Joseph Knight, pa mwayen pawòl sa yo, pou fè ou konnen ou dwe pran ^akwa ou, nan fason sa a pou ou ^bpriye ‘fò devan mond lan epi an sekre tou, ak nan fanmi ou, ak pami zanmi ou yo, epi tout kote.

7 Epi, gade, se devwa ou pou ^areyini avèk vrè legliz la, epi pou ou bay langaj ou lè w ap egzòte toutan, pou ou kapab resevwa rekonpans travayè a. Amèn.

SEKSYON 24

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la ak Oliver Cowdery te resevwa, nan Harmony, Pennsylvania, Jiyè 1830. Malgre mwens pase kat mwa te pase depi Legliz la te òganize, pèsekisyon te vin rèd, epi dirijan yo te oblije, akoz sekirite yo, chèche viv prèske nan kache. Yo te resevwa twa revelasyon sa yo nan moman sa a sa pou fòtifye yo, ankouraje yo, epi pou enstwi yo.

1–9, Joseph Smith resevwa apèl pou l tradui, preche, epi pou l eksplike ekriti yo; 10–12, Oliver Cowdery resevwa apèl pou l preche levanjil la; 13–19, Yo resevwa lalwa ki revele konsènan mirak, malediksyon, konsènan lè yon moun souke pousyè pye l, ale san bous oubyen san sak.

GADE, ou te resevwa apèl epi ou te chwazi pou ou ekri Liv Mòmmon an, epi nan ministè mwen an; epi m te leve ou soti nan afliksyon ou yo, epi m te konseye ou, pou ou te delivre anba

tout ènmi ou yo, epi ou te delivre anba pouvwa Satan yo ak anba fènwa!

2 Men, ou pa gen eskiz pou ^atransgresyon ou yo; men, ale epi pa fè peche ankò.

3 ^aMayifye ofis ou a; epi apre ou fin plante jaden ou yo epi apre ou fin klotire yo, ale vit nan legliz ki nan ^bColesville la, nan Fayette la, ak nan Manchester a, epi y ap ^csipòte ou; epi m ap beni yo esprityèlman ak tanporèlman;

4 Men, si yo pa resevwa ou, m

4a I—JS 1:4.
6a Mat. 10:38;
3 Ne. 12:30.
b GE Priyè.

c D&A 20:47, 51.
7a GE Batèm, batize—
Lesansyèl.
24 2a D&A 1:31–32.

3a Jakòb 1:19; 2:2.
b D&A 26:1; 37:2.
c D&A 70:12.

ap voye yon malediksyon sou yo angiz yon benediksyon.

5 Epi ou dwe kontinye rele Bondye nan non mwen, epi pou ou ekri bagay ^aKonsolatè a pral ba ou yo, epi eksplike legliz la tout ekriti yo.

6 Epi w ap resevwa sa ou dwe ^adi ak sa ou dwe ekri nan moman an menm, epi y ap tande l, oubyen m ap voye yon malediksyon sou yo angiz yon benediksyon.

7 Paske ou dwe konsakre tout ^asèvis ou nan Siyon; epi nan bagay sa w ap gen fòs.

8 Gen ^apasyans nan ^bafliksyon, paske ou pral gen anpil; men, ^cpèsevere ladan yo, paske, gade m avèk ou, menm jiska ^dlafen vi ou.

9 Epi w p ap gen fòs nan travay tanporèl, paske se pa apèl pa ou. Travay nan ^aapèl ou a epi w ap gen mwayen pou ou magnifye apèl ou, epi pou ou esplike tout ekriti, epi pou ou kontinye fè enpozisyon men pou ou konfime manm legliz yo.

10 Epi frè w la, Oliver pral kontinye pote non mwen devan mond lan, ak devan legliz la tou. Epi li pa dwe panse li kapab di ase nan kòz mwen an; epi gade, m avèk li jiska lafen.

11 Nan mwen, l ap gen laglwa, men pa nan tèt pa l, ke se nan feblès oubyen nan fòs, ke se nan esklavaj oubyen nan libète;

12 Epi tout tan ak nan tout kote, li dwe louvri bouch li epi ^adeklare levanjil mwen an, kòm si se avèk vwa yon ^btwonpèt, lajounen tankou nan nuit. Epi m ap ba li yon fòs moun pa t janm konnen pami lèzòm.

13 Pa mande ^amirak, eksepte si m ^bkòmande ou sa, eksepte pou ^cchase ^ddyab, pou ^egeri moun malad, epi kont sèpan ^fpwazonnen, epi kont pwazon mòtèl;

14 Epi ou pa dwe fè ^abagay sa yo, eksepte si moun ki bezwen bagay sa yo mande ou yo, pou ekriti yo kapab akonpli; paske ou dwe aji daprè sa ki ekri a.

15 Epi nenpòt kote ou ^aantre, si yo pa resevwa ou nan non mwen, ou dwe kite yon malediksyon angiz yon benediksyon, lè ou souke ^bpousyè pye ou kont yo kòm yon temwayaj, epi lè ou netwaye pye ou yo bò chemen an.

16 Epi se pral konsa, nenpòt moun ki mete men sou ou avèk vyolans, ou dwe kòmande pou frape yo nan non mwen; epi, gade, m ap frape yo daprè pawòl ou, nan pwòp tan pa m.

5a GE Konsolatè.

6a Egz. 4:12;
Mat. 10:19-20;
Lik 12:11-12;
Ela. 5:18-19;
D&A 84:85;
100:5-8;
Moyiz 6:32.

7a GE Sèvis.

8a GE Pasyans.
b GE Advèsite.
c GE Pèsevere.

d Mat. 28:20.

9a GE Entandan,
entandans.

12a GE Preche.

b D&A 34:6.

13a GE Mirak;

Siy.

b 1 Ne. 17:50.

c Mak 16:17.

d GE Lespri—
Move lespri.

e GE Geri, gerizon.

f Tra. 28:3-9;

D&A 84:71-72;
124:98-99.

14a GE Administrasyon
pou malad.

15a Mat. 10:11-15.

b Mak 6:11;
Lik 10:11;
D&A 60:15; 75:19-22;
99:4-5.

17 Epi nenpòt moun ki menmen ou devan lalwa, lalwa a ap modi l.

18 Epi ou pa dwe pote ni "bous ni sak, ni baton, ni de rad avèk ou, paske legliz la ap ba ou nan lè a menm tout sa ou bezwen kòm manje ak rad, epi kòm soulye ak lajan ak sak.

19 Paske ou resevwa apèl pou ou "netwaye jaden m nan avèk yon gwo konbit netwayaj, wi, menm pou yon dènye fwa; wi, epi tout moun ou te ^bòdone yo, yo dwe aji dapre modèl sa a. Amèn.

SEKSYON 25

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Harmony, Pennsylvania, Jiyè 1830 (gade nan antèt seksyon 24 la). Revelasyon sa a manifeste volonte Senyè a konsènan Emma Smith, madanm Pwofèt la.

1–6, Emma Smith, yon dam chwazi, te resevwa apèl pou l ede epi pou l rekonfòte mari l; 7–11, Li te resevwa apèl tou pou l ekri, pou l esplike ekriti yo, epi pou l seleksyone kantik yo; 12–14, Chan moun ki jis yo se yon priyè devan Senyè a; 15–16, Prensip obeyisans yo ki nan revelasyon sa a konsènan tout moun.

KOUTE vwa Senyè Bondye ou la, pandan m ap pale avèk ou, Emma Smith, pitit fi m nan; paske gade, m di ou konsa, tout moun ki "resevwa levanjil mwen an se pitit gason ak pitit fi nan ^bwayòm mwen an.

2 M ap ba ou yon revelasyon konsènan volonte m; epi si ou fidèl epi ou "mache nan chemen ^bvèti devan m, m ap prezève vi

ou, epi w ap resevwa yon "eritaj nan Siyon.

3 Gade, "peche ou yo padone, epi ou se yon dam chwazi, ou menm mwen te bay ^bapèl sa a.

4 Pa plenyen poutèt bagay ou pa wè yo, paske yo kache lwen ou ak mond lan, sa a ki se lasajès ki nan mwen menm pou yon lè ki pral rive.

5 Epi ofis apèl ou a pral yon "rekonfò pou sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, mari ou la, nan afliksyon li yo, avèk pawòl konsolasyon yo, nan yon lespri ranpli ak imilite.

6 Èpi ou dwe ale avèk li lè l ap vwayaje, epi pou ou kapab sèvi l kòm sekretè, lè pa gen pèsonn pou sèvi l kòm grefye, pou m kapab voye sèvitè m nan, Oliver Cowdery, nenpòt kote m ta vle.

18a Mat. 10:9–10;
Lik 10:4;
D&A 84:78–79.
19a Jakòb 5:61–74;
D&A 39:17; 71:4.
b GE Òdinasyon,
òdone.
25 1a Jan 1:12.

GE Pitit gason ak
pitit fi Bondye.
b GE Wayòm
Bondye oubyen
wayòm syèl la.
2a GE Mache, mache
avèk Bondye.
b GE Vèti.

c D&A 52:42; 64:30;
101:18.
GE Siyon.
3a Mat. 9:2.
b GE Aple, Bondye
te aple, apèl.
5a GE Konpasyon.

7 Epi li dwe “òdone ou anba men l pou ou kapab esplike ekriti yo, epi pou ou kapab egzòte legliz la, daprè jan Lespri m va dikte ou.

8 Paské li pral enpoze “men l sou ou epi ou pral resevwa Sentespri a, epi w ap konsakre tan ou pou ou ekri, epi pou ou aprann anpil.

9 Epi ou pa bezwen pè, paske mari ou pral sipòte ou nan legliz la; paske, “apèl li se pou li pran swen manm yo, pou m ^brevele yo tout bagay, nenpòt bagay mwen vle, daprè lafwa yo.

10 Epi an verite, m di ou ou dwe mete “bagay ki nan ^bmond sa a sou kote, epi “chèche bagay ki pou yon mond ki pi bon.

11 Epi w ap gen pou ou fè tou yon seleksyon “kantik sakre yo, daprè enspirasyon ou va

resevwa sa, ki fè m plèzi, pou ou ajoute nan legliz mwen an.

12 Paské nanm mwen pran plèzi nan “chan ki soti nan ^bkè moun yo; wi, chan moun ki jis yo se yon priyè devan m, epi m ap reponn li avèk yon benediksyon sou tèt yo.

13 Se poutèt sa, leve kè ou epi rejwi, epi respekte alyans ou te fè yo.

14 Pèsevèr nan yon lespri ki ranpli avèk “imilite, epi fè atansyon avèk ^blògèy. Kite manm ou pran plèzi nan mari ou, ak la-glwa ki pral vin sou li a.

15 Respekte kòmandman m yo toutan, epi w ap resevwa yon “kouwòn ^blajistis. Epi si ou pa fè sa, kote m ye a ou ‘p ap kapab vini.

16 Epi an verite, an verite, m di ou, se “vwa m pou tout moun. Amèn.

SEKSYON 26

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la, Oliver Cowdery, ak John Whitmer te resevwa, nan Harmony, Pennsylvania, Jiyè 1830 (gade nan antèt seksyon 24 la).

1, Yo resevwa enstriksyon pou yo etidye ekriti yo epi pou yo preche; 2, Lalwa konsantman jeneral la te afime.

REYÈLMAN, m di nou nou dwe konsakre tan nou pou nou “etidye ekriti yo, pou nou preche, epi pou nou konfime legliz ^bColesville la, epi pou nou

7a OUBYEN mete apa.

GE Mete apa.

8a GE Men, Enpozisyon.

9a GE Aple, Bondye te aple, apèl; Pwofèt.

b GE Pwofesi, pwofetize; Revelasyon.

10a GE Konvwate; Richès.

b GE Mondanite.

c Etè 12:4.

11a GE Kantik.

12a 1 Kwo. 16:9.

GE Chante.

b GE Kè.

14a GE Dou, dousè.

b GE Lògèy.

15a GE Egzaltasyon; Kouwòn.

b GE Jis, jistis.

c Jan 7:34.

16a D&A 1:38.

26 1a GE Ekriti yo—

Valè ekriti yo.

b D&A 24:3; 37:2.

akonpli travay nou nan peyi a, jan sa dwe ye a, jistan nou ale nan lwès pou nou fè konferans k ap vini an; epi apre sa, m ap fè konnen sa nou dwe fè.

2 Epi tout bagay dwe fèt dapre “konsantman jeneral nan legliz la, avèk anpil priyè epi avèk lafwa, paske n ap resevwa tout bagay avèk lafwa. Amèn.

SEKSYON 27

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Harmony, Pennsylvania, Out 1830. Pou preparasyon yon sèvis relijye, kote yo t ap pral administre sentsèn pen ak diven, Joseph te soti pou l t al achte diven. Li te rankontre avèk yon mesaj selès epi li te resevwa revelasyon sa a, yon pati ladan l te ekri nan lè sa a epi rès la te ekri nan mwa Septanm apre a. Kounyeya, yo itilize dlo angiz diven nan sèvis sentsèn Legliz la.

1–4, Anblèm ki dwe itilize lè moun ap pran sentsèn nan tabli; 5–14, Kris la ak sèvitè L yo ki nan tout dispansasyon dwe pran sentsèn nan; 15–18, Mete tout kiras Bondye a sou nou.

KOUTE vwa Jezikri, Senyè ou, Bondye ou, ak Redanmtè w la, ki gen pawòl li ki “rapid epi ki pisan.

2 Paske, gade, m di ou, se pa sa ou manje oubyen sa ou bwè ki enpòtan lè ou ap pran “sentsèn nan, si ou fè l nan yon sèl entansyon pou ^blaglwa mwen—si ou sonje devan Papa m, kò mwen ki te tonbe pou ou a, ak ^csan mwen ki te koule pou ^dpadon peche ou yo.

3 Se poutèt sa, m ap ba nou yon kòmandman, pou nou pa achte diven ni bwason fò nan men ènmi nou yo;

4 Se poutèt sa, nou pa dwe sèvi avèk yo youn eksepte si yo prepare tou frèch pami nou; wi, nan wayòm Papa m nan ki pral bati sou tè a.

5 Gade, sa se lasajès nan mwen; se poutèt sa, pa etone nou, paske lè a ap rive pou m ^abwè nan fwi diven an avèk nou sou tè a, epi avèk ^bMowoni, m te voye kote nou pou revele Liv Mòmmon an, ki gen plenitid levanjil etènèl mwen an, limenm m te konfyè kle rejis ^cbwa Efrayim nan;

6 Epi tou avèk ^aElyas, limenm m te konfyè kle pou reyalize re-tablisman tout bagay bouch tout pwofèt sen yo te pale depi lè mond lan te kòmanse, konsènan dènye jou yo;

7 Epi tou Jan, pitit gason Zakari a, Zakari ke li ^a(Elyas) te vizite a e ke li te fè l pwomès ke l

2a 1 Sam. 8:7;
Mozya 29:26.
GE Konsantman
jeneral.

27 1a Ela. 3:29; D&A 6:2.
2a GE Sentsèn.

b GE Glwa.
c GE San.
d GE Remisyon peche yo.
5a Mat. 26:29; Mak 14:25;
Lik 22:18.
b I—JS 1:30–34.

c Ezek. 37:16.
GE Efrayim—Bwa
Efrayim oubyen
Bwa Jozèf.
6a GE Elyas.
7a Lik 1:17–19.

t ap gen yon pitit gason, ke yo t ap rele l ^bJan, e li t ap ranpli avèk lespri Elyas la;

8 Jan sa m te voye kote nou an, sèvitè m yo, Joseph Smith, pitit la, ak Oliver Cowdery, pou òdone nou nan premye ^cprèttriz pou te resevwa a, pou nou te kapab aple epi pou nou te kapab ^bòdone tankou ^cAawon;

9 Epi tou ^aEli m te konfyè kle pouvwa pou ^bvire kè papa yo bò kote pitit yo, epi pou vire kè pitit yo bò kote papa yo, pou tout tè a pa frape anba yon malediksyon;

10 Epi tou avèk Jozèf, ak Jakòb, ak Izarak, ak Abraram, zansèt nou yo, ki se gras a yo ke ^apwo-mès yo rete;

11 Epi tou avèk Michèl, oubyen ^aAdan, papa tout moun, prens tout moun, nonm tan ansyen an;

12 Epi tou avèk Pyè, Jak, ak Jan ke m te voye kote nou an, yo menm m te fè ^aòdone nou epi m te fè konfime nou kòm ^bapot, ak ^ctemwen espesyal pou non mwen, pou pote kle ministè nou yo, ak menm bagay m te revele nou yo;

13 Nou menm ke m te ^akonfyè ^bkle wayòm mwen an, ak yon

^cdispansasyon ^dlevanjil la pou ^edènye tan yo; epi pou ^fplenitid tan m ap rasanble tout bagay fè ^gyoun, ni sa ki nan syèl la ak ni sa ki sou tè a;

14 Epi tou avèk tout moun ke Papa m te ^aban mwen nan mond lan.

15 Se poutèt sa, leve kè nou epi rejwi nou, epi mare senti nou epi ame nou ak tout ^azam mwen yo, pou nou kapab kanpe nan jou malè a, pou nou kapab ^bkanpe lè nou fin akonpli tout bagay.

16 Se poutèt sa, kanpe avèk senti nou ^amare ak ^bverite, mete ^cpwotèj ^dlajistis la sou nou, epi mete nan pye nou preparasyon levanjil ^elapè a, ke m te voye ^fzanj mwen yo konfyè nou an;

17 Mete boukliye lafwa a sou nou pou nou kapab etenn tout ^aflanm dife mechan an yo;

18 Epi mete kaskèt sali a, ak epe Lespri m nan ke, m pral vide sou nou an, ak pawòl mwen an ke m te revele nou an, epi mete nou dakò ak tout bagay nou mande m yo, epi rete fidèl jiskaske m vini, epi n ap ^amonte, pou kote m ye a nou kapab la ^btou. Amèn.

7b Lik 1:13;
D&A 84:27-28.

8a D&A 13.
GE Prèttriz Aawon an.
b GE Òdinasyon, òdone.
c Egz. 28:1-3, 41;
D&A 107:13.

9a 1 Wa 17:1-22;
2 Wa 1-2;
D&A 2; 110:13-16;
I—JS 1:38-39.
GE Eli (Pwofèt Ansyen Testaman an).
b GE Jeneyaloji.

10a GE Alyans Abraram.
11a GE Adan.

12a I—JS 1:72.
GE Prèttriz
Mèlkisedèk.

b GE Apot.
c Tra. 1:8.

13a Mat. 16:19.
b GE Kle prèttriz la.
c GE Dispansasyon.

d GE Levanjil.
e Jakòb 5:71;
D&A 43:28-30.

f Efe. 1:9-10;
D&A 112:30; 124:41.

g D&A 84:100.

14a Jan 6:37; 17:9, 11;
3 Ne. 15:24;

D&A 50:41-42; 84:63.

15a Wom. 13:12;
Efe. 6:11-18.

b Mal. 3:2;
D&A 87:8.

16a Eza. 11:5.
b GE Verite.

c Eza. 59:17.
d GE Jis, jistis.

e 2 Ne. 19:6.
f D&A 128:19-21.

17a 1 Ne. 15:24;
D&A 3:8.

18a 1 Ne. 13:37;
D&A 17:8.

b Jan 14:3.

SEKSYON 28

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou Oliver Cowdery, nan Fayette, New York, Septanm 1830. Hiram Page, yon manm Legliz la te gen yon wòch epi li te fè konnen li te resevwa revelasyon gras ak èd wòch sa a konsènan konstriksyon Siyon, ak lòd Legliz la. Li te twonpe anpil moun ak pretansyon sa yo, epi li te menm enfliyanse Oliver Cowdery nan yon move fason. Egzakteman anvan moman ki te fikse pou yon konferans, Pwofèt la te konsilte Senyè a avèk ensistans sou zafè a, epi li te resevwa revelasyon sa a.

1–7, *Joseph Smith gen kle mistè yo, e se sèl limenm ki resevwa revelasyon pou Legliz la; 8–10, Oliver Cowdery dwe preche Lamanit yo; 11–16, Satan te twonpe Hiram Page epi li te ba l fo revelasyon.*

GADE, m di w, “*Oliver, pou legliz la tande w nan tout bagay ou^b anseye yo pa mwayen^c Konsolatè a, konsènan revelasyon ak kòmandman m te bay yo.*

2 Men, gade, an verite, an verite, m di w, “*pèsonn p ap otorize pou resevwa kòmandman ak revelasyon nan legliz sa a eksepte sèvitè m nan, ^bJoseph Smith, pitit la, paske li resevwa yo menm jan avèk Moyiz.*

3 Epi ou dwe obeyisan nan bagay m ap ba li yo, menm jan avèk^a Aawon, pou ou deklare kòmandman yo ak revelasyon yo avèk lafwa, avèk pouvwa epi^b otorite devan legliz la.

4 Epi si Konsolatè a dirije w nenpòt lè pou ou^a pale oubyen

pou ou anseye, oubyen tout tan kòm kòmandman pou legliz la, ou kapab fè sa.

5 Men ou pa dwe ekri yo kòm kòmandman, men, kòm konsèy; 6 Epi ou pa dwe kòmande moun ki sou tèt ou a, epi ki alatèt legliz la;

7 Paske m te ba li^a kle^b mistè yo, ak revelasyon ki sele, jistan m chwazi yon lòt pou yo nan plas li.

8 Epi kounyeya, gade, m di ou, ou dwe ale kote “*Lamanit yo pou ou preche yo^b levanjil mwen an; epi depi yo resevwa ansèyman w yo ou dwe fè legliz mwen an tabli pami yo; epi ou ap jwenn revelasyon, men, pa ekri yo kòm kòmandman.*

9 Epi kounyeya, gade, m di ou, sa pa revele, e pèsonn pa konnen ki kote^a vil^b Siyon an ap bati, men sa ap devwale pita. Gade, m di ou l ap tabli sou fwontye bò kote Lamanit yo.

10 Ou pa dwe kite kote sa a anvan konferans lan fini, vòt

28 1a D&A 20:3.

b GE Ansenye, enstriktè—Anseye avèk Lespri a.

c GE Konsolatè.

2a D&A 35:17–18; 43:4.

b 2 Ne. 3:14–20.

GE Smith, Joseph,

pitit la.

3a GE Aawon, frè Moyiz la.

b GE Otorite.

4a Egz. 4:12–16; D&A 24:5–6.

7a D&A 64:5; 84:19.

b GE Mistè Bondye yo.

8a 2 Ne. 3:18–22;

D&A 30:5–6; 32:1–3.

b D&A 3:19–20.

9a D&A 57:1–3.

b D&A 52:42–43.

GE Siyon.

konferans lan ap lonmen sèvitè m nan, Joseph pou prezide l, epi se sa li di w ou dwe di.

11 Epi ankò ou dwe pran Hiram Page, frè w la ^aant ou menm avèk li sèlman, epi di l ke bann bagay li te ekri yo pa mwayen wòch la pa soti nan mwen e ke ^bSatan te ^ctwonpe l;

12 Paske, gade li pa t otorize pou bagay sa yo, ni tou pèsonn nan legliz la p ap otorize pou okenn bagay ki kontrè avèk alyans legliz la.

13 Paske tout bagay dwe fèt nan lòd, avèk ^akonsantman tout moun legliz la, avèk priyè lafwa.

14 Epi ou dwe ede regle tout bagay sa yo, dapre alyans legliz la, anvan ou vwayaje ale pami Lamanit yo.

15 Epi m ap ^afè w konnen depi lè w prale a, jouk lè w ap retounen an, kisa pou w fè.

16 Epi w dwe louvri bouch ou tout tan, pou w deklare levanjil mwen an avèk yon vwa lakontanman. Amèn.

SEKSYON 29

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan prezans sis ansyen, nan Fayette, New York, Septanm 1830. Yo te resevwa revelasyon sa a kèk jou anvan konferans lan, ki te dwe kòmanse 26 Septanm 1830.

1–8, *Kris la rasanble moun Li chwazi yo; 9–11, L ap vin inogire Milenyòm nan; 12–13, Douz yo ap jije tout Izrayèl; 14–21, Siy, fleo, ak dezolasyon pral rive anvan Dezyèm Vini an; 22–28, Dènye rezirèksyon an ak jijman final la vini apre Milenyòm nan; 29–35, Tout bagay yo esprityèl pou Senyè a; 36–39, Yo te chase dyab la ak patizan l yo soti nan syèl la pou yo tante lòd; 40–45, Chit la ak ekspyasyon an pote sali; 46–50, Timoun piti yo rachte pa mwayen ekspyasyon an.*

KOUTE vwa Jezikri, Redanmtè w la, Gran ^aMWEN MENM nan,

moun ponyèt ^bmizèrikòd li te ^cekspye peche w yo;

2 Ki pral ^arasanble pèp li a menm jan yon manman poul rasanble ti poul li yo anba zèl li yo, menm tout moun ki koute vwa m epi ki gen ^bimilite devan m, epi ki rele m nan priyè ki pisan.

3 Gade, an verite, an verite, m di nou, kounyea peche nou yo ^apadone, se poutèt sa nou resevwa bagay sa yo; men, sonje pou nou pa peche ankò, pou malè pa tonbe sou nou.

4 An verite, m di nou, m chwazi nou pami mond lan pou nou deklare levanjil mwen an

11a Mat. 18:15.
b Apok. 20:10.
c D&A 43:5–7.
13a GE Konsantman jeneral.

15a 2 Ne. 32:3, 5.
29 1a GE MWENMENM.
b GE Mizèrikòd.
c GE Ekspyasyon, ekspye.

2a Mat. 23:37;
3 Ne. 10:4–6.
b GE Enb, imilite.
3a GE Padon.

avèk yon son lakontantman, tan-
kou “vwa yon twonpèt.

5 Leve kè nou epi kontan, paske
m “pami nou, epi m se ^bavoka
nou devan Papa a; epi li gen bon
dezi pou l ba nou “wayòm nan.

6 Epi jan sa te ekri a—Nenpòt
sa nou “mande avèk ^blafwa, si
nou “reyini ansanm nan priyè
dapre kòmandman mwen an, n
ap resevwa l.

7 Epi nou te resevwa apèl pou
nou reyalize “rasanbleman moun
ke m ^bchwazi yo; paske moun
mwen chwazi yo “tande vwa m
epi yo pa fè “kè yo di;

8 Se poutèt sa, yon dekrè soti
nan men Papa a pou yo “rasan-
ble nan yon sèl plas sou sifas
peyi sa a, pou yo ^bprepare kè yo
epi pou yo prepare nan tout ba-
gay kont jou lè “tribilasyon ak
dezolasyon desann kont mechan
yo.

9 Paske, Senyè tout Lame yo di,
lè a pre epi jou a pral rive talè
pou tè a mi; epi tout “ògeye yo
ak moun ki fè mechanste yo pral
tankou ^bpay; epi m ap “boule yo,
pou mechanste sispann sou tè a.

10 Paske lè a pre, epi bagay
apot mwen yo te “pale a dwe
akonpli; paske jan yo te pale a se
konsa sa pral pase;

11 Paske m pral revele tèt
mwen depi nan syèl la avèk
pouvwa epi gwo laglwa, avèk
tout “lame syèl yo, pou m rete
nan ^blajistis avèk lèzòm sou tè a
pandan “mil ane, epi mechan yo
p ap kapab kanpe.

12 Epi ankò, an verite, an ve-
rite, m di w, epi sa te soti nan
yon dekrè fèm, avèk volonte
Papa a, pou fè konnen, “apot
mwen yo, Douz yo ki te avè m
nan ministè mwen an nan Jeriza-
lèm, ap kanpe a dwat mwen, jou
m ap vini m nan yon kolòn ^bdife
a, y ap abiye avèk wòb lajistis,
avèk kouwòn sou tèt yo, nan “la-
glwa menm jan avèk mwen, pou
yo “jije tout kay Izrayèl la, tout
sila yo ki te renmen m epi ki te
respekte kòmandman m yo, epi
pèsonn lòt moun ankò.

13 Paske yon “twonpèt pral
sonnen pandan lontan epi byen
fò, menm jan avèk sou Mòn Si-
nayi a, epi tout tè a pral tranble,

4a Alma 29:1–2;
D&A 19:37; 30:9.

5a Mat. 18:20;
D&A 6:32; 38:7;
88:62–63.

b GE Avoka.
c GE Wayòm
Bondye oubyen
wayòm syèl la.

6a Mat. 21:22;
Jan 14:13.

b Mak 11:24.
c 3 Ne. 27:1–2;
D&A 84:1.

7a GE Izrayèl—
Rasanbleman
Izrayèl la.
b Mak 13:20;

D&A 84:34.
GE Eli.

c Alma 5:37–41.
d GE Kè.

8a D&A 45:64–66; 57:1.
b D&A 58:6–9; 78:7.

c D&A 5:19; 43:17–27.
9a 2 Ne. 20:33;

3 Ne. 25:1.
GE Lògèy.

b Nawoum 1:10;
Mal. 4:1;
1 Ne. 22:15, 23;
1—JS 1:37.

c D&A 45:57; 63:34, 54;
64:24; 88:94;
101:23–25; 133:64.
GE Tè—Netwayaj tè a.

10a GE Dezyèm
Vini Jezikri.

11a M—JS 1:37.

b GE Jis, jistis.
c GE Jezikri—
Gouvènman
Milenyòm Kris la;
Milenyòm.

12a GE Apot.

b Eza. 66:15–16;
D&A 130:7; 133:41.

c GE Glwa;
Jezikri—Glwa Jezikri.
d Mat. 19:28;

Lik 22:30;
1 Ne. 12:9;
Mòm. 3:18–19.

13a D&A 43:18; 45:45.

epi yo ^bpral resisite—wi, sa ki te ‘mouri nan mwen yo, pou yo resevwa yon ^dkouwòn lajistis, epi pou yo abiye, ‘menm jan avèk mwen, pou nou kapab youn.

14 Men, gade, m di nou, anvan gwo ^ajou sa a rive, ^bsolèy la ap pral fènwa, epi lalin nan ap tounen san, epi zetwal yo ap sot tonbe nan syèl la, epi ap gen pi gwo ^csiy anlè nan syèl la ak anba sou tè a.

15 Epi ap gen kriye ak “rèl pami lèzòm;

16 Epi ap gen yon gwo ^asiklòn lagrèl pou detwi jaden yo sou tè a.

17 Epi se pral konsa, akòz mechanste mond lan, m ap tire ^arevanj sou ^bmechan yo, paske yo pa vle repanti; paske tas endiayasyon m nan ranpli; paske gade ^csan mwen p ap netwaye yo si yo pa tande m.

18 Se poutèt sa, mwen menm Senyè Bondye a, m ap voye sou sifas tè a mouch, k ap kouvri abitan tè yo, k ap manje chè kò yo, epi k ap fè vè monte sou kò yo;

19 Epi lang yo ap mare pou yo pa kapab ^apale kont mwen; epi

chè kò yo ap tonbe soti sou zo yo, epi boul je yo ap tonbe soti nan twou je yo;

20 Epi se pral konsa ^abèt nan forè yo ak zwazo rapas anlè yo pral devore yo.

21 Epi gwo legliz ^aabominab la, ki se ^bpwostitye sou tout tè a, ap detwi anba yon dife ^cdevoran, menm jan bouch Ezekyèl, pwofèt la te pale a konsènan bagay sa yo ki pa ko rive, men ki ^ddwe rive kanmèm, menm jan m vivan an, paske abominasyon p ap pral renye.

22 Plis ankò, an verite, an verite, m di nou, lè ^amil lane yo fin pase, epi lèzòm kòmanse nye Bondye yo a ankò, lè sa a m ap epanye tè a pandan yon ti ^bkras tan sèlman;

23 Epi ^alafen an ap vini, epi syèl la ak tè a pral konsonnen epi yo pral ^bpase, epi pral gen yon nouvo syèl ak yon ^cnouvèl tè.

24 Paske tout bagay ansyen pral ^apase, epi tout bagay pral vin nouvo, menm syèl la ak tè a, ak tout plenitid yo, lèzòm ak bèt yo, epi zwazo anlè yo, ak pwason yo ki nan lanmè a;

25 Epi ni yon grenn ^acheve ni

13^b D&A 76:50.

^c D&A 88:97; 133:56.

^d GE Egzaltasyon; Kouwòn.

^e D&A 76:94–95; 84:35–39.

14^a GE Dezyèm

Vini Jezikri.

^b Jowèl 2:10;

M—JS 1:33.

^c GE Siy tan yo.

15^a Mat. 13:42.

16^a Ezek. 38:22;

Apok. 11:19; 16:21.

17^a Apok. 16:7–11;

2 Ne. 30:10;

M—JS 1:53–55.

GE Vanjans.

^b GE Mechan, mechanste.

^c 1 Jn. 1:7;

Alma 11:40–41;

D&A 19:16–18.

19^a Zak. 14:12.

20^a Eza. 18:6; Ezek. 39:17;

Apok. 19:17–18.

21^a GE Dyab—

Legliz dyab la.

^b Apok. 19:2.

^c Jowèl 1:19–20; 2:3;

D&A 97:25–26.

GE Tè—Netwayaj tè a.

^d D&A 1:38.

22^a GE Milenyòm.

^b Apok. 20:3;

D&A 43:30–31;

88:110–111.

23^a Mat. 24:14.

GE Mond—Finisman

mond lan.

^b Mat. 24:35;

M—JS 1:35.

^c GE Tè—Eta final tè a.

24^a Apok. 21:1–4.

25^a Alma 40:23.

yon ti pay p ap pèdi, paske se travay men mwen.

26 Men, gade, an verite, m di nou, anvan tè a pase, “Michèl, ^bakanj mwen an pral sonnen ‘twonpèt li a, epi apre sa tout mò yo pral ^dleve, paske tonb mò yo pral louvri, epi yo ‘pral parèt—wi, yo tout.

27 Epi moun ki “jis yo pral rassemble sou kote ^bdwat mwen pou lavi etènèl; epi mechan yo sou kote goch mwen, m pral wont pou m rekonèt yo devan Papa a;

28 Se poutèt sa, m ap di yo—“Wete kò nou kote m, moun modi, ale nan ^bdife etènèl la, ki te pare pou ‘dyab la ak zanj li yo.

29 Epi kounyeya, gade, m di nou, m pa t janm deklare avèk bouch pa m yo ta pral retounen, paske yo pa kapab vini “kote m ye a, paske yo pa gen pouvwa.

30 Men, sonje, lèzòm pa resewa tout jijman mwen yo; epi jan pawòl yo soti nan bouch mwen an se konsa yo ap akonpli, pou “premye yo kapab vin dènye, epi pou dènye yo kapab vin premye nan tout bagay m te kreye avèk pawòl pouvwa mwen, ki se pouvwa Lespri m.

31 Paske se avèk pouvwa Lespri m mwen te “kreye yo; wi,

tout bagay ^bespirityèl ak tout bagay tanporèl—

32 Premyèman, “espirityèl, dezyèmman, tanporèl ki se kòmansman travay mwen an; epi ankò, premyèman, tanporèl, dezyèmman, espirityèl ki se dènye travay mwen an—

33 M pale avèk nou pou nou kapab konprann natirèlman; men, pou mwen menm, travay mwen yo pa gen “finisman, ni kòmansman; men m ban nou l pou nou kapab konprann, paske nou te mande m epi nou te dakò.

34 Se poutèt sa, an verite, m di nou, tout bagay espirityèl pou mwen, epi nan okenn moman m pa janm ba nou okenn lalwa ki tanporèl; ni okenn moun, ni pitit lèzòm yo; ni Adan, papa nou, mwen te kreye a.

35 Gade, m te fè l chwazi pou “tèt pa li; epi m te ba li kòmmandman, men m pa t ba li kòmmandman tanporèl, paske ^bkòmmandman m yo espirityèl; yo pa natirèl ni tanporèl, ni chanèl ni sansyèl.

36 Epi se te konsa paske dyab la te tante Adan—paske, gade, “dyab la te la anvan Adan, epi li te fè ^brebèl kont mwen, li te di, ban m ‘onè w la, ki se ^dpouvwa mwen an; epi li te pouse yon

26a GE Adan; Michèl.
b GE Akanj.
c 1 Kor. 15:52–55.
d GE Imòtalite, imòtèl; Rezirèksyon.
e Jan 5:28–29.
27a GE Jis, jistis.
b Mat. 25:33.
GE Jijman, Dènye a.
28a Mat. 25:41;

D&A 29:41.
b D&A 43:33.
c GE Dyab.
29a Jan 7:34;
D&A 76:112.
30a Mat. 19:30;
1 Ne. 13:42.
31a GE Kreyasyon, kreye.
b Moyiz 3:4–5.
32a GE Kreyasyon lespri.
33a Sòm 111:7–8;

Moyiz 1:4.
35a GE Lib abit.
b GE Kòmmandman Bondye yo.
36a D&A 76:25–26;
Moyiz 4:1–4.
b GE Konsèy nan syèl.
c GE Onè.
d Eza. 14:12–14;
D&A 76:28–29.

“tyè nan *f* lame syèl la kont mwen akoz *s*lib abit yo;

37 Epi m te chase yo desann, epi se konsa *a*dyab la ak *b*zanj li yo te vini;

38 Epi gen yon kote ki te prepare pou yo depi nan kòmansman, kote sa a se *a*lanfè.

39 Epi li nesèsè pou dyab la *a*tante pitit lèzòm, san sa yo pa t ap kapab chwazi pou tèt pa yo; paske si yo pa t janm goute *b*anmè yo pa t ap konnen sa ki dous—

40 Se poutèt sa, se te konsa dyab la te tante Adan, li te manje nan *a*fwi defandi a, epi li te transgrese kòmmandman an, konsa li te vin *b*soumèt anba volonte dyab la paske li te bay tantasyon priyorite.

41 Se poutèt sa, mwen menm Senyè Bondye a, m te fè *a*chase l nan Jaden *b*Edenn an, devan prezans mwen, poutèt transgresyon l lan, ki te fè l vin mouri *c*espirityèlman an, ki se premye lanmò a, sa vle di menm lanmò sa a ki se dènye *d*lanmò a, ki espirityèl, ki pral pwononse sou mechan yo lè m di: wete kò nou *e*madichon.

42 Men, gade, m di nou, mwen menm Senyè Bondye a, m te fè Adan ak desandan li yo pa *a*mouri, daprè lanmò tanporèl la, jistan mwen menm, Senyè Bondye a, m voye *b*zanj pou deklare yo *c*repantans ak *d*redanmsyon, pa mwayen lafwa nan non *Sèl Pitit Gason Literal* mwen an.

43 Epi se konsa, mwen menm Senyè Bondye a, m te fikse pou lòm, jou *e*prè v li yo—pa mwayen lanmò natirèl li a, pou l kapab *b*leve nan *c*imòtalite pou l *d*viv etènèl, menm tout moun ki kwè;

44 Epi moun ki pa kwè yo, pou *a*danasyon etènèl; paske yo pa kapab rachte anba chit espirityèl yo a, paske yo pa repanti;

45 Paske yo renmen fènwa plis pase limyè, epi *a*zèv yo move, epi yo resevwa *b*rekonpans yo nan men moun yo te chwazi pou yo obeyi a.

46 Men gade, m di nou, *a*timoun piti yo *b*rachte depi nan fondasyon mond lan pa lantremiz *Sèl Pitit Literal* mwen an;

47 Se poutèt sa, yo pa kapab fè peche, paske Satan pa resevwa pouvwa pou l *a*tante timoun piti

36e Apok. 12:3-4.

f D&A 38:1; 45:1.

GE Lavi premòtèl.

g GE Lib abit.

37a GE Dyab.

b 2 Pyè 2:4; Jid 1:6;

Moyiz 7:26.

GE Zanj yo.

38a GE Lanfè.

39a Moyiz 4:3-4.

GE Tantasyon, tante.

b Moyiz 6:55.

40a Jen. 3:6; Moyiz 4:7-13.

b 2 Ne. 10:24;

Mozya 16:3-5;

Alma 5:41-42.

41a GE Chit Adan ak Èv.

b GE Edenn.

c GE Lanmò espirityèl.

d Alma 40:26.

e D&A 29:27-28;

76:31-39.

42a 2 Ne. 2:21.

GE Lanmò, fizik.

b Alma 12:28-30.

c GE Repantans, repanti.

d GE Redanmtè,

restablisman,

redanmsyon.

e Moyiz 5:6-8.

43a Alma 12:24; 42:10.

b GE Rezirèksyon.

c Moyiz 1:39.

GE Imòtalite, imòtèl.

d GE Lavi etènèl.

44a D&A 19:7-12.

GE Danasyon, dane.

45a Jan 3:18-20;

D&A 93:31-32.

b Mozya 2:32-33;

Alma 3:26-27;

5:41-42; 30:60.

46a Mowo. 8:8, 12;

D&A 93:38.

GE Timoun,

timoun yo.

b D&A 74:7.

GE Redanmtè,

restablisman,

redanmsyon.

47a GE Tantasyon, tante.

yo, jistan yo vin ^bresponsab devan m;

48 Paske m fikse pou yo, jan m vle, daprè bon plezi pa m, pou gwo responsablite soti nan men “papa yo.

49 Epi ankò, m di nou, nenpòt

moun ki gen konesans, èske m pa kòmande yo pou yo repanti?

50 Epi yon moun ki pa gen “konpreyansyon, se zafè pa m pou m fè daprè jan sa te ekri a. Epi kounyeya, m p ap deklare ou plis pou kounyeya. Amèn.

SEKSYON 30

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou David Whitmer, Peter Whitmer, pitit la, ak John Whitmer, nan Fayette, New York, Septanm 1830, apre twa jou konferans nan Fayette, men anvan ansyen yo ki nan Legliz la te separe. Nan kòmansman, materyèl sa a te pibliye kòm twa revelasyon; Pwofèt la te konbine yo pou fè yo fè yonn pou edisyon Doktrin ak Alyans 1835 lan.

1–4, *Yo reprimande David Whitmer poutèt li pa t sèvi avèk dilijans; 5–8, Peter Whitmer, pitit la dwe akonpaye Oliver Cowdery nan yon misyon lakay Lamanit yo; 9–11, John Whitmer resevwa apèl pou l preche levanjil la.*

GADE, m di ou, “David, ou te ^bpè lòm epi ou pa t gen ^ckonfyans nan mwen pou ou te ka gen fòs jan ou ta dwe a.

2 Men lide w te sou bagay “te a plis, olye pou l te sou mwen, Kreyatè w la, epi sou ministè kote ou te resevwa apèl la; epi ou pa t fè atansyon a Lespri m, moun ki te plase sou tèt ou yo, epi ou te kite moun mwen pa t kòmande yo pèsyade w.

3 Se poutèt sa, mwen kite w pou kont ou pou ou mande m pou tèt pa ou, epi pou ou “reflechchi sou bagay ou te resevwa yo.

4 Epi ou dwe rete lakay papa w jistan m ba w lòt kòmandman. Epi ou dwe okipe nan “ministè nan legliz la, ak devan mond lan, ak nan rejyon alantou yo. Amèn.

5 Gade, m di ou, “Peter, ou dwe fè ^bvwayaj ou a avèk frè w la, Oliver; paske ^clè a rive kote li nesèsè pou mwen pou ou louvri bouch ou pou deklare levanjil mwen an; se poutèt sa, pa pè, epi ^dfè atansyon ak pawòl ak konsèy frè w la pral ba ou yo.

6 Epi pran lapenn nan tout afliksyon li yo, leve kè w ban

47^b GE Responsab, responsablite.

48^a D&A 68:25.

50^a D&A 137:7–10.

GE Konpreyansyon.

30 1^a GE Whitmer, David.

^b Tra. 5:29.

^c 2 Kwo. 16:7–9.

2^a D&A 25:10.

3^a GE Medite.

4^a GE Administre; Sèvis.

5^a GE Whitmer, Peter, pitit la.

^b D&A 32:1–3.

^c D&A 11:15.

^d GE Konsèy (non); Soutni dirijan legliz yo.

mwen toutan nan priyè ak lafwa, pou delivrans pa li ak pa w; paske m te ba l pouvwa pou l bati ^alegliz mwen an pami ^bLamanit yo;

7 Epi m pa t tabli pèsonn kòm konseye ^asou tèt li nan legliz la, konsènan zafè legliz la, eksepte frè li a, Joseph Smith, pitit la.

8 Se poutèt sa, fè atansyon ak bagay sa yo epi fè dilijans nan respekte kòmandman m yo, epi w ap beni ak lavi etènèl. Amèn.

9 Gade, m di ou, John, sèvitè m nan, depi kounyeya, ou dwe

kòmanse ^apwoklame levanjil mwen an, kòm si se te avèk ^bvwa yon twonpèt.

10 Epi w ap travay lakay frè w Philip Burroughs, epi nan reyjon alantou a, wi, tout kote ou ta kapab fè tande w, jistan m kòmande ou pou ou kite kote sa a.

11 Epi se nan Siyon tout travay ou ap ye avèk tout nanm ou, depi kounyeya; wi, ou dwe toujou louvri bouch ou nan kòz mwen an, san ou pa ^apè kisa ^blòm kapab fè, paske m ^cavèk ou. Amèn.

SEKSYON 31

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou Thomas B. Marsh, Septanm 1830. Okazyon an se te imedyatman apre yon konferans Legliz la (gade nan antèt seksyon 30 la). Thomas B. Marsh te batize nan kòmansman mwa a epi yo te òdone l kòm yon ansyen nan Legliz la anvan yo te resevwa revelasyon sa a.

1–6, *Thomas B. Marsh resevwa apèl pou l preche levanjil la epi pou l asire byennèt fanmi l; 7–13, Li resevwa konsèy pou l pasyan, pou l priye tout tan, epi pou l suiv Konsolatè a.*

^aTHOMAS, pitit gason m nan, ou beni poutèt lafwa ou nan travay mwen an.

2 Gade, ou te gen anpil afliksyon poutèt fanmi ou; men, m ap beni ou ak fanmi ou, wi, timoun piti ou yo; epi jou a ap vini pou yo konnen verite a epi

pou yo fè yon sèl avèk ou nan legliz mwen an.

3 Leve kè ou epi rejwi ou, paske lè misyon ou nan rive; epi lang ou pral delye, epi ou pral deklare ^abon nouvèl gwo lajwa devan jenerasyon sa a.

4 Ou dwe ^adeklare bagay ki te revele bay sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la. Ou dwe kòmanse preche depi kounyeya, wi, pou ou rekòlte nan jaden ki deja ^bmi pou boule a.

5 Se poutèt sa, ^amanche kouto

6a GE Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.
b D&A 3:20; 49:24.
GE Lamanit yo.
7a D&A 20:2–3.
9a D&A 15:6.

b D&A 33:2.
11a GE Kouraj, ankouraje; Krent, krentif.
b Eza. 51:7.
c Mat. 28:19–20.
31 1a GE Marsh, Thomas B.

3a Eza. 52:7; Lik 2:10–11; Mozya 3:3–5.
4a Mozya 18:19; D&A 42:12; 52:36.
b D&A 4:4–6.
5a Apok. 14:15.

digo ou avèk tout nanm ou, epi peche ou yo pral ^bpadone, epi ou pral chaje avèk yon ^cpakèt sou do ou, paske ^dtravayè a merite salè li. Se poutèt sa, fanmi ou pral viv.

6 Gade, an verite m di ou, soti pami yo sèlman pou yon ti tan, epi deklare pawòl mwen an, epi m ap prepare yon plas pou yo.

7 Wi, m ap ^alouvri kè pèp la, epi y ap resewa ou. Epi m ap tabli yon legliz avèk men ou;

8 Epi ou dwe ^aranfòse yo epi prepare yo pou lè yo pral rasanble a.

9 Gen ^apasyans nan ^bafliksyon, pa goumen kont moun k ap goumen. Gouvènè ^ckay ou avèk dousè, epi rete tennfas.

10 Gade, m di ou, ou dwe yon doktè pou legliz la, men, pa pou mond lan, paske yo p ap resewva ou.

11 Ale fè wout ou nenpòt kote m vle voye ou, epi ^aKonsolatè a pral fè ou konnen kisa pou ou fè ak ki kote pou ou ale.

12 ^aPriye tout tan, pou ou pa tonbe nan ^btantasyon epi pou ou pa pèdi rekonpans ou.

13 Gen ^alafwa jiska lafen, epi gade, m ^bavèk ou. Pawòl sa yo pa pawòl lòm, ni lèzòm, men, se pawòl mwen, Jezikri menm, Redanmtè w la, avèk ^cvolonte Papa a. Amèn.

SEKSYON 32

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resewa pou Parley P. Pratt ak Ziba Peterson, nan Manchester, New York, nan kòmansman Oktòb 1830. Ansyen yo te gen gwo enterè ak santiman konsènan Lamanit yo, moun Legliz la te aprann konsènan benediksyon ki te predi pou yo a nan Liv Mòmou an. Kòm konsekans, yon priyè te monte devan Senyè a, pou l endike volonte L, pou fè konnen si yo te dwe voye ansyen nan epòk sa a pou ale kote tribi Endyèn nan Lwès yo. Revelasyon an te vini apre.

1–3, Parley P. Pratt ak Ziba Peterson resewa apèl pou yo preche Lamanit yo epi pou yo akonpaye Oliver Cowdery ak Peter Whitmer, pitit la; 4–5, Yo dwe priye pou konpreyansyon ekriti yo.

Epi kounyeya, konsènan sèvitè m nan, ^aParley P. Pratt, gade, m di l, menm jan m vivan an, m vle pou l deklare levanjil mwen an epi pou l ^bapran nan men m, epi pou l dou epi pou l gen bon kè.

5b GE Padon.

c D&A 79:3.

d Lik 10:3–11;

D&A 75:24.

7a GE Konvèsyon, konvèti.

8a D&A 81:5; 108:7.

9a GE Pasyans.

b GE Advèsite.

c GE Fanmi—
Responsablite
paran yo.

11a GE Konsolatè;
Sentespri.

12a 3 Ne. 18:17–21.
GE Priyè.

b GE Tantasyon, tante.

13a GE Pèsèvere.

b Mat. 28:20.

c GE Jezikri—Otorite.

32 1a GE Pratt, Parley
Parker.

b Mat. 11:28–30.

2 Epi sa m reklame nan men l, se pou l ^aale avèk sèvitè m yo, Oliver Cowdery ak Peter Whitmer, pitit la, nan dezè a pami ^bLamanit yo.

3 Epi ^aZiba Peterson dwe ale avèk yo tou; epi mwen menm poutèt pa m, m prale avèk yo epi m ap nan ^bmitan yo; epi m se ^cavoka yo devan Papa a, epi okenn bagay p ap gen pouvwa sou yo.

4 Epi yo dwe ^afè atansyon ak sa ki ekri yo, epi yo pa dwe pretann yo gen okenn lòt ^brevelasyon; epi yo dwe priye toutan pou m kapab ^cdevwale menm bagay sa a pou ^dkonpreyansyon yo.

5 Epi yo dwe fè atansyon ak pawòl sa yo san yo pa diskite, epi m ap beni yo. Amèn.

SEKSYON 33

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou Ezra Thayre ak Northrop Sweet, nan Fayette, New York, Oktòb 1830. Pou entwodui revelasyon sa a, nan istwa Joseph Smith la, yo afime ke "Senyè a . . . toujou pare pou l enstwi moun ki chèche avèk dilijans, nan lafwa."

1–4, Travayè yo resevwa apèl pou yo deklare levanjil la nan onzyèm èdtan an; 5–6, Legliz la tabli, moun chwazi yo dwe rasanble; 7–10, Repanti, paske wayòm syèl la pre; 11–15, Legliz la bati sou wòk levanjil la; 16–18, Pare pou aparisyon Mesye marye.

GADE, m di ou, sèvitè m nan, Ezra ak Northrop, louveri zòrèy nou epi koute vwa Senyè Bondye nou an, ki gen ^apawòl li ki rapid epi ki pisan an, ki pi file pase yon epe de bò, ki kapab divize jwenti yo ak mwèl la fè de

a, nanm nan ak lespri a, epi ki kapab sonde pansè ak ^bentansyon kè moun.

2 Paske an verite, an verite, m di ou, ou resevwa apèl pou ou leve vwa ou tankou ^ason yon twonpèt, pou ou deklare levanjil mwen an bay yon jenerasyon kwochi ak pèvès.

3 Paske gade, ^ajaden an deja mi pou rekòlte; epi se ^bonzyèm èdtan an, epi se ^cdènnye fwa m ap rele travayè nan jaden m nan.

4 Epi ^ajaden m nan vin ^bkòwonpi nèt; epi pa gen pèsonn ki fè ^cbyen eksepte kèk moun;

2a D&A 28:8; 30:5.

b D&A 3:18–20.

3a D&A 58:60.

b Mat. 18:20;

D&A 6:32; 38:7.

c GE Avoka.

4a 1 Ne. 15:25;

D&A 84:43–44.

b D&A 28:2.

c I—JS 1:74.

d GE Konpreyansyon.

33 1a Ebre 4:12;

Ela. 3:29–30.

b Alma 18:32;

D&A 6:16.

2a Eza. 58:1.

3a Jan 4:35;

D&A 4:4; 12:3; 14:3.

b Mat. 20:1–16.

c Jakòb 5:71;

D&A 43:28.

4a GE Jaden Senyè a.

b 2 Ne. 28:2–14;

Mòm. 8:28–41.

c Wom. 3:12;

D&A 35:12.

epi yo ^degare nan anpil fason akoz ^eentrigdeprèt, yo tout gen panse kòwonpi.

5 Epi an verite, an verite, m di ou, m te ^atabli ^blegliz sa a epi m te rele l soti nan dezè a.

6 Epi konsa menm, m pral ^arasanble moun m chwazi yo soti nan ^bkat kwen tè a, tout moun nèt ki vle kwè nan non mwen, epi ki vle koute vwa m.

7 Wi, an verite, an verite, m di ou, jaden an deja mi pou rekòlte; se poutèt sa, manche kouto digo ou, epi rekòlte avèk tout pisans ou, tout panse ou ak fòs ou.

8 ^aLouvri bouch ou epi l ap ranpli, epi w ap vin tankou ^bNefi ki te nan tan lontan an, ki te vwayaje soti nan Jerizalèm pou ale nan dezè a.

9 Wi, louvri bouch ou epi pa ranka kò ou, epi w ap chaje avèk ^abouke flè, paske gade, m avèk ou.

10 Wi, louvri bouch ou epi l ap ranpli, pou ou kapab di: ^aRepanti, repanti, epi prepare chemen Senyè a, epi fè santye li yo plat; paske wayòm syèl la pre;

11 Wi, repanti epi ^abatize, chak moun, pou padon peche nou yo; wi, batize avèk dlo menm, epi

apre sa se batèm dife a ak batèm Sentespri a.

12 Gade, an verite, an verite, m di ou, se ^alevanjil mwen an sa; epi sonje, yo dwe gen lafwa nan mwen oubyen yo p ap kapab sove nan okenn fason;

13 Epi se sou ^awòk sa a m ap bati legliz mwen an; wi, se sou wòk sa a ou bati, epi si ou kontinye, ^bpòt lanfè a p ap gen pou vwa sou ou.

14 Epi ou dwe sonje ^aatik ak alyans legliz yo pou ou kapab respekte yo.

15 Epi nenpòt moun ki gen lafwa, ou dwe ^akonfime l nan legliz mwen an, pa enpozisyon ^bmen, epi m ap mete ^cdon Sentespri a sou yo.

16 Epi m bay Liv Mòmmon an ak ^aekriti sen yo pou ^benstriksyon ou; epi pou vwa Lespri m ^cvivifye tout bagay.

17 Se poutèt sa, gen lafwa, priye toutan, pare mèch lanp ou yo epi limen yo, epi konsève gaz, pou ou kapab pare nan aparisyon ^aMesye marye a—

18 Paske gade, an verite, an verite, m di ou, m ap ^avini rapid rapid. Se sa menm. Amèn.

4d 2 Ne. 28:14.

e GE Fo prèt.

5a GE Retablisman
levanjil la.

b GE Legliz Jezikri pou
Sen Dènèy Jou yo.

6a GE Izrayèl—

Rasanbleman
Izrayèl la.

b 1 Ne. 19:15–17.

8a D&A 88:81.

b 2 Ne. 1:26–28.

9a Sòm 126:6;

Alma 26:3–5;

D&A 75:5.

10a Mat. 3:1–3.

11a GE Batèm, batize.

12a 3 Ne. 27:13–22.

13a GE Wòch.

b Mat. 16:16–19;
D&A 10:69–70.

14a svd D&A 20 (gade
antèt seksyon 20 an).
D&A 42:13.

15a D&A 20:41.

b GE Men, Enpozisyon.

c GE Don Sentespri.

16a GE Ekriti yo.

b 2 Tim. 3:16.

c Jan 6:63.

17a Mat. 25:1–13.

GE Lemarye.

18a Apok. 22:20.

GE Dezyèm

Vini Jezikri.

SEKSYON 34

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou Orson Pratt, nan Fayette, New York, 4 Novanm 1830. Frè Pratt te gen diznevan lè sa a. Li te konvèti epi l te batize lè l te tande gran frè l la, Parley P. Pratt preche levanjil retabli a pou lapremyè fwa, sis semèn anvan sa. Yo te resevwa revelasyon sa a lakay Peter Whitmer, papa a.

1-4, Moun ki gen lafwa yo vin tounen pitit Bondye pa mwayen Ekspyasyon an; 5-9, Predikasyon levanjil la prepare chemen an pou Dezyèm Vini; 10-12, Pwofesi vini pa mwayen pouvwa Sentespri a.

PITIT gason m nan, "Orson, koute epi tande, epi fè atansyon ak sa, mwen menm, Senyè Bondye w la, m pral di ou, mwen menm Jezikri, Redanmtè ou la;

2 "Limyè ak lavi mond lan, yon limyè ki klere nan fènwa epi fènwa a pa konprann li;

3 Ki te tèlman "renmen mond lan, ^bli te bay vi pa li, pou tout moun ki kwè kapab vin tounen ^dpitit Bondye. Se poutèt sa ou se pitit gason m.

4 Epi ou ^abeni paske ou te kwè;

5 Epi ou beni plis, paske ou resevwa ^aapèl pou ou preche levanjil mwen an—

6 Pou ou leve vwa ou tankou son yon twonpèt, pandan lontan epi byen fò, epi pou ou ^akriye repantans devan yon jenerasyon kwochi epi pèvès, pou

ou prepare chemen Senyè a pou ^bDezyèm Vini l la.

7 Paske gade, an verite, an verite, m di ou, ^atan an pral rive talèkonsa pou m vini nan yon ^bnyaj avèk pouvwa epi avèk gwo laglwa.

8 Epi se pral yon ^agran jou nan moman aparisyon m nan, paske tout nasyon pral ^btranble.

9 Men anvan gran jou sa a vini, solèy la pral fènwa, epi lalin nan pral tounen san; epi zetwal yo pral refize limyè yo, epi kèk ladan yo pral tonbe, epi gran destriksyon yo ap rete tann mechan yo.

10 Se poutèt sa, leve vwa ou epi pa ^aranka kò ou paske Senyè Bondye a te pale; se poutèt sa, pwofetize, epi se pa mwayen ^bpouvwa Sentespri a l ap resevwa li.

11 Epi si ou fidèl, gade, m avèk ou jistan m vini—

12 Epi an verite, an verite, m di ou, m ap vini rapid. M se Senyè a w la ak Redanmtè w la. Se sa menm. Amèn.

34 1a GE Pratt, Orson.

2a Jan 1:1-5.

GE Limyè, limyè Kris.

3a Jan 3:16; 15:13.

GE Lanmou, renmen.

b GE Redanmtè.

c GE Ekspyasyon, ekspye; Redanmtè, restablisman, redanmsyon.

d Jan 1:9-12;

Wom. 8:14, 16-17;

Moyiz 6:64-68.

GE Pitit gason ak pitit fi Bondye.

4a Jan 20:29.

5a GE Aple, Bondye te aple, apèl.

6a D&A 6:9.

b GE Dezyèm

Vini Jezikri.

7a Apok. 1:3.

b Lik 21:27.

8a Jowèl 2:11; Mal. 4:5;

D&A 43:17-26.

GE Dezyèm

Vini Jezikri.

b Eza. 64:2.

10a Eza. 58:1.

b 2 Pyè 1:21.

SEKSYON 35

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la ak Sidney Rigdon te resevwa, nan oubyen pre Fayette, New York, 7 Desanm 1830. Lè sa a, Pwofèt la te angaje prèske chak jou pou l fè yon tradiksyon Bib la. Tradiksyon an te kòmanse depi nan kòmansman Jen 1830, epi Oliver Cowdery ak John Whitmer te sèvi kòm grefye. Paske yo te resevwa apèl nan lòt de- vwa kounyeya, Sidney Rigdon te resevwa apèl sou direksyon diven pou l sèvi kòm grefye Pwofèt la nan travay sa a (gade nan vèsè 20). Kòm prefas nan rejis revelasyon sa a, yo deklare nan istwa Joseph Smith: "An Desanm, Sidney Rigdon te vin soti [nan Ohio] pou l mande Senyè a, epi Edward Partridge te vini avèk li. . . . Yon ti tan apre de ansyen sa a yo te rive, men sa Senyè a te di."

1-2, Kòman lèzòm kapab devni pitit Bondye; 3-7, Sidney Rigdon resevwa apèl pou l batize moun epi pou l konfere Sentespri a; 8-12, Siy ak mirak akonpli avèk lafwa; 13-16, Sèvitè Senyè a yo pral mache sou nasyon yo avèk pouvwa Lespri a; 17-19, Joseph Smith gen kle mistè yo; 20-21, Moun chwazi yo pral reziste nan jou aparisyon Senyè a; 22-27, Izrayèl pral sove.

KOUTE vwa "Senyè Bondye w la, ^bAlfa a ak Omega a, kòmansman an ak finisman an, "wout li a se yon sèl wonn etènèl, "menm bagay jodi a, tankou yè, epi pou toutan.

2 M se Jezikri, Pitit Gason Bondye a, ki te "krisifye pou peche mond lan, pou tout moun ki ^bkwè nan non mwen, yo kapab devni "pitit Bondye, vin fè yon ^dsèl nan mwen menm jan m

se yon "sèl nan Papa a, jan Papa a se yon sèl nan mwen an, pou nou kapab fè yon sèl.

3 Gade, an verite, an verite, m di sèvitè m nan, Sidney, m te gade ou menm ak travay ou yo. M te tandè priyè ou yo, epi m te prepare ou pou yon pi gwo travay.

4 Ou beni, paske ou pral fè gwo bagay. Gade, m te voye ou, menm tankou "Jan, pou ou prepare chemen an devan m, epi devan ^bEli sila ki te dwe vini an, epi ou pa t konn sa.

5 Ou te batize moun nan dlo pou repantans, men moun sa a yo pat "resevwa Sentespri a;

6 Men kounyeya, m ap ba ou yon kòmandman, pou ou "batize moun nan dlo, epi y ap resevwa ^bSentespri a pa enpozisyon "men, menm jan avèk apot nan tan lontan yo.

7 Epi se pral konsa pral gen

35 1a GE Senyè a.

b Apok. 1:8.

GE Alfa ak Omega.

c 1 Ne. 10:19;

D&A 3:2.

d Ebre 13:8;

D&A 38:1-4; 39:1-3.

2a GE Krisifiksyon.

b D&A 20:25; 45:5, 8.

c GE Pitit gason ak pitit fi Bondye.

d Jan 17:20-23.

GE Inite.

e GE Bondye, Divinite.

4a Mal. 3:1;

Mat. 11:10;

1 Ne. 11:27;

D&A 84:27-28.

b 3 Ne. 25:5-6;

D&A 2:1; 110:13-15.

5a Tra. 19:1-6.

6a GE Batèm, batize.

b GE Don Sentespri.

c GE Men, Enpozisyon.

yon gwo travay nan peyi a, menm pami ^aJanti yo, paske m ap fè foli yo ak abominasyon yo manifeste devan je tout moun.

8 Paske m se Bondye, epi pon-yèt mwen pa vin twò ^akout; epi m pral montre ^bmirak, ^csiy, ak mèvèy pou tout moun ki ^dkwè nan non mwen.

9 Epi nenpòt moun ki mande sa nan non mwen, avèk ^alafwa, yo pral ^bchase ^cdemon; yo pral ^dgeri malad yo, pral fè avèg yo wè ankò, epi fè moun soud yo tande, epi fè bèbè yo pale, epi fè moun ki paralize yo mache.

10 Epi lè a ap vini rapid rapid pou m kapab montre pitit lèzòm yo gwo bagay;

11 Men ^asan lafwa, m p ap montre yo okenn bagay eksepte ^bdezolasyon sou ^cBabilòn, menm Babilòn sa a ki te fè tout nasyon yo bwè diven kòlè ^dfònikasyon li a.

12 Epi pa gen ^aokenn moun k ap fè byen eksepte moun ki pare pou yo resevwa plenitid levanjil mwen an, m te voye pou jenerasyon sa a.

13 Se poutèt sa, m rele bagay ki ^afèb nan mond lan, moun ki pa ^benstwi yo, epi moun yo meprize

yo, pou bat mond lan avèk pou-vwa Lespri m;

14 Epi ponyèt yo pral ponyèt pa m, m pral ^apwoteksyon yo ak boukliye yo; epi m pral mare senti yo, epi yo pral goumen tankou gason pou mwen; epi ^bènmi yo pral anba pye yo; epi m pral kite epe a ^ctonbe anfavè yo, epi m pral prezève yo avèk ^ddife endiyasyon mwen.

15 Epi ^apòv yo ak moun ki ^bdou yo pral resevwa predikasyon levanjil la, epi yo pral ret ^ctann lè aparasyon m nan, paske li ^dprèske rive—

16 Epi yo pral aprann parabòl ^apye figye a, paske kounyeya menm lete a deja pre.

17 Epi m te voye ^aplenitid levanjil mwen an nan men sèvitè m nan, ^bJoseph Smith; epi m te beni l nan feblès;

18 Epi m te ba li ^akle mistè bagay ki te ^bsele yo, menm bagay ki te la depi nan ^cfondasyon mond lan, ak bagay ki pral rive depi kounyeya jouk nan lè aparasyon m nan, si l rete nan mwen, epi si l pa rete nan mwen m ap plante yon lòt nan plas li.

19 Se poutèt sa, voye je sou li pou l pa pèdi lafwa, epi sa ap

7a GE Janti yo.
8a Eza. 50:2; 59:1.
b GE Mirak.
c GE Siy.
d GE Kwayans, kwè.
9a GE Lafwa.
b Mak 16:17.
c Mak 1:21-45.
d GE Geri, gerizon.
11a D&A 63:11-12.
b D&A 5:19-20.
c GE Babel, Babilòn.
d Apok. 18:2-4.
12a Wom. 3:10-12;

D&A 33:4; 38:10-11;
84:49.
13a 1 Kor. 1:27;
D&A 1:19-23; 124:1.
b Tra. 4:13.
14a 2 Sam. 22:2-3.
b D&A 98:34-38.
c D&A 1:13-14.
d D&A 128:24.
15a Mat. 11:5.
b GE Dou, dousè.
c 2 Pyè 3:10-13;
D&A 39:23; 45:39;
Moyiz 7:62.

d D&A 63:53.
16a Mat. 24:32;
D&A 45:36-38;
M—JS 1:38.
GE Siy tan yo.
17a D&A 42:12.
b D&A 135:3.
18a D&A 84:19.
b Dan. 12:9;
Mat. 13:35;
2 Ne. 27:10-11;
Etè 4:4-7;
I—JS 1:65.
c D&A 128:18.

soti nan men ^aKonsolatè a, ^bSentespri a, ki konnen tout bagay.

20 Epi m ba ou yon kòmandman—pou ou ^aekri pou li; epi w ap resevwa ekriti yo, menm jan yo ye nan pwatrin mwen an, pou sove moun m ^bchwazi yo;

21 Paske yo pral tande ^avwa m, epi yo pral wè m, epi yo p ap nan dòmi, epi y ap ^bsipòte jou ^caparisyon m nan; epi y ap ^dpirifye menm jan avèk mwen.

22 Epi kounyeya, m di ou, rete avèk li, epi l ap vwayaje avèk ^aou; pa abandone l, epi sètènman an verite bagay sa a yo ap akonpli.

23 Epi ^atoutotan ou pa ekri, gade, l ap gen dwa pou pwofetize; epi ou dwe preche levanjil

mwen an, epi pran referans ^bpwofèt sen yo pou pwouve pawòl li yo, jan li pral resevwa yo a.

24 ^aRespekte tout kòmandman ak alyans ki lye ou yo; epi m ap fè syèl yo ^bsouke pou byen ou, epi ^cSatan pral tranble epi Siyon pral ^drejwi sou kolin yo epi Siyon pral pwospere;

25 Epi ^aIzrayèl pral ^bsove nan tan pa mwen; epi m pral dirije yo avèk ^ckle m te bay yo, pou yo pa janm nan konfizyon ankò.

26 Leve kè ou epi kontan, ^aredanmsyon ou ap pwoche.

27 Pa pè, ti twoupo, ^awayòm nan pou ou jistan m vini. Gade m ap ^bvini rapid rapid. Se sa menm. Amèn.

SEKSYON 36

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou Edward Partridge, pre Fayette, New York, 9 Desanm 1830. (gade antèt sekasyon 35 la.) Istwa Joseph Smith la di konsa Edward Partridge “se te yon modèl pyete, epi li se te youn nan gwo gason Senyè a yo.”

1–3, *Senyè a enpoze men L sou Edward Partridge atravè men Sidney Rigdon; 4–8, Chak gason ki resevwa levanjil la ak prèttriz la resevwa apèl pou l ale epi pou l preche.*

SENYÈ Bondye a, ^aToupisan Izrayèl la di konsa: Gade, m di ou, sèvitè m nan ^bEdward, ou beni, epi peche ou yo padone, epi ou resevwa apèl pou ou preche

19a Jan 14:16, 26; 15:26.

GE Konsolatè.

b GE Sentespri.

20a Lè sa a Pwofèt

la te angaje l nan tradiksyon revele Bib la, se nan tach sa a Sidney Rigdon te resevwa apèl kòm grefye.

b GE Eli.

21a Jowèl 2:11;

D&A 43:17–25;

88:90; 133:50–51.

b Mal. 3:2–3.

c GE Dezyèm

Vini Jezikri.

d GE Pi, pite.

22a D&A 100:9–11.

23a svd nenpòt ki lè

Sidney Rigdon

pa t okipe nan

travay ekri a.

b svd ekriti yo.

24a D&A 103:7.

b D&A 21:6.

c 1 Ne. 22:26.

d GE Jwa.

25a GE Izrayèl.

b Eza. 45:17;

1 Ne. 19:15–16; 22:12.

c GE Kle prèttriz la.

26a Lik 21:28.

27a GE Wayòm

Bondye oubyen

wayòm syèl la.

b Apok. 22:20.

36 1a GE Jewova; Jezikri.

b D&A 41:9–11.

levanjil mwen an tankou se te avèk son yon twonpèt;

2 Epi m ap enpoze ^amen m sou ou pa mwayen men sèvitè m nan, Sidney Rigdon, epi w ap resevwa Lespri m, Sentespri a, ^bKonsolatè a menm, sila a ki pral ansenye ou bagay ‘pèzib wayòm nan.

3 Epi nou dwe deklare l avèk yon vwa fò, nou dwe di: Ozana, beniswa non Bondye Ki Pi Wo a.

4 Epi kounyeya se apèl ak kòmandman m ba nou konsènan tout moun—

5 Pou tout moun ki vini devan sèvitè m yo, Sidney Rigdon ak Joseph Smith, ki anbrase apèl sa a ak kòmandman m yo resevwa

“òdinasyon epi pou yo voye yo ale ^bpreche levanjil etènèl la devan nasyon yo—

6 Kriye repantans, di konsa: “Sove tèt nou anba jenerasyon kwochi sa a, epi soti nan dife a, rayi menm ^brad ki sal anba kò fizik yo.

7 Epi ansyen yo ki nan legliz mwen an dwe resevwa kòmandman sa a, pou nenpòt moun ki anbrase l avèk yon sèl kè kapab resevwa òdinasyon epi pou yo voye yo, menm jan m te pale a.

8 M se Jezikri, Pitit Gason Bondye a; se poutèt sa, mare senti nou epi m ap vini nan “tanp mwen an soudènman. Se sa menm. Amèn.

SEKSYON 37

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la ak Sidney Rigdon te resevwa toupri Fayette, New York, nan mwa Desanm 1830. Ladan l, yo te resevwa premye kòmandman an konsènan yon rasanbleman nan dispansasyon sa a.

1–4, *Sen yo resevwa apèl pou yo rasanble nan Ohio.*

GADE, m di nou li pa nesèsè pou mwen pou w ^atradui plis ankò jistan ou ale nan Ohio, poutèt ènmi an epi pou byen ou.

2 Epi ankò, m di w ou pa dwe ale jistan ou preche levanjil mwen an nan kote sa yo, epi jistan ou fòtifye legliz la nenpòt kote li ye, pi espesyalman nan

“Colesville; paske, gade, yo priye m avèk anpil lafwa.

3 Epi ankò, m bay legliz la yon kòmandman, pou fè konnen li nesèsè pou mwen, pou yo rasanble ansanm nan “Ohio, pou lè sèvitè m nan, Oliver Cowdery, pral retounen vin jwenn yo.

4 Gade, se lasajès, epi kite chak moun “chwazi pou tèt pa yo jistan m vini. Se sa menm. Amèn.

2a GE Men, Enpozisyon.

b GE Konsolatè; Sentespri.

c D&A 42:61.

5a D&A 63:57.

GE Òdinasyon, òdone.

b GE Preche.

6a Tra. 2:40.

b Jid 1:23.

8a Mal. 3:1.

37 1a svd tradiksyon Bib la te deja ap mache.

2a D&A 24:3; 26:1.

3a svd eta Ohio.

D&A 38:31–32.

4a GE Lib abit.

SEKSYON 38

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resewa, nan Fayette, New York, 2 Janvye 1831. Se te nan okazyon yon konferans Legliz la.

1-6, *Kris la te kreye tout bagay*; 7-8, *Li nan mitan Sen Li yo, ki pral wè L pwochènman*; 9-12, *Tout kò fizik kòwonpi devan L*; 13-22, *Li te rezève yon tè pwomiz pou Sen Li yo nan tan sa a epi nan letènite*; 23-27, *Sen yo resewa kòmandman pou yo tounen yon sèl epi pou youn konsidere lòt kòm frè*; 28-29, *Yo predi lagè*; 30-33, *Sen yo dwe resewa pouvwa ki soti anlè epi pou y ale pami tout nasyon yo*; 34-42, *Legliz la resewa kòmandman pou yo pran swen pòv yo ak moun ki nan bezwen yo epi pou yo chèche richès letènite yo.*

KONSA Senyè Bondye a te di, Jezikri a menm, Gran ^aMWEN MENM nan, Alfa a ak Omega a, ^bkòmansman ak finisman an sila a menm ki te voye je son gwo espas letènite a, ak tout ^clame serafen yo ki nan syèl la, ^danvan mond lan te ^efèt;

2 Sila a menm ki te ^akonnen tout bagay, paske ^btout bagay prezan devan je m;

3 Mwen menm sila a ki te pale, epi mond lan te ^afèt la, epi tout

bagay te vini pa mwayen mwen menm.

4 Mwen menm sila a ki te pran ^aSiyon Enòk la andedan pwa-trin mwen an; epi anverite, m di, menm tout moun ki te ^bkwè nan non mwen, paske m se Kris la, epi nan non pa mwen, pou ^csan mwen m te koule a, m te plede devan Papa a pou yo.

5 Men gade, rès moun ^amechan yo, m te kenbe yo nan ^bchenn tenèb jouk nan gran jou ^cjijman an, jou sa a ki pral vini nan finisman tè a;

6 Epi se konsa m pral fè kenbe mechan yo ki pa vle tande vwa m yo, men ki fè kè yo di, epi tèrib, tèrib, tèrib, kondanasyon yo ye.

7 Men gade, an verite, anverite, m di nou ^aje m sou nou. Epi, m nan ^bmitan nou e nou pa kapab wè m;

8 Men jou a ap vini talèkonsa pou nou kapab ^awè m, epi n ap konnen m egziste; paske vwal tenèb la pral dechire talèkonsa, epi yon moun ki pa ^bpirifye, li p ap kapab ^csipòte jou a.

38 1a GE MWENMENM.

b Apok. 1:8.

c D&A 45:1.

d GE Lavi premòtèl.

e Sòm 90:2.

2a D&A 88:41;

Moyiz 1:35.

GE Omnisan.

b Pwov. 5:21;

2 Ne. 9:20.

3a Sòm 33:6-9.

GE Kreyasyon, kreyè.

4a TJS Jen. 14:25-40

(Apendis);

D&A 45:11-14;

76:66-67; 84:99-100;

Moyiz 7:18-21.

GE Siyon.

b D&A 20:25;

35:2; 45:3-5.

c GE Ekspyasyon,

ekspye.

5a GE Enjis, enjistis.

b 2 Pyè 2:4;

Jid 1:6.

GE Lanfè.

c GE Jijman, Dènye a.

7a D&A 1:1.

b D&A 6:32; 29:5.

8a Apok. 22:4-5.

GE Dezyèm

Vini Jezikri.

b GE Pi, pite.

c Mal. 3:2.

9 Se poutèt sa, mare senti nou epi pare nou. Gade, “wayòm nan se pou nou, epi ènmi an p ap gen viktwa.

10 An verite, m di nou, nou “pwòp, men se pa tout moun; epi pa gen okenn lòt moun ki fè m ^bplezi;

11 Paske tout “kò fizik kòwonpi devan m; epi pouvwa ^btenèb yo ap gouvènèn tè a, pami pitit lèzòm, nan prezans tout lame syèl la—

12 Ki lakòz silans reye, epi tout letènite gen “lapenn, epi ^bzanj yo ap rete tann gwo kòmandman an pou ‘rekòlte tè a, pou yo rasanble “pay yo pou yo kapab “boule yo; epi, gade, ènmi an mete ansanm.

13 Epi kounyeya, m ap montre nou yon mistè, yon bagay ki sere nan chanm sekrè yo, pou fasilite “destriksyon nou nan tan k ap vini an, epi nou pa t konn sa;

14 Men kounyeya, m ap di nou li, epi nou beni, pa poutèt inikite nou yo, ni tou poutèt kè enkretil nou yo; paske an verite, gen kèk moun pami nou ki antò devan mwen, men m ap gen mizèrikòd pou feblès nou an.

15 Se poutèt sa, nou dwe “fò depi kounyeya; pa ^bpè, paske wayòm nan se pou nou.

16 Epi pou nou kapab sove, m ap ba nou yon kòmandman, paske m te tandè priyè nou yo, epi moun “pòv yo te pote m plent, epi m te fè moun ^brich yo, epi tout kò fizik se pa m epi m pa fè okenn ‘eksepsyon.

17 Epi m te fè tè a rich, epi gade li se “machpye m, se poutèt sa, m pral kanpe sou li ankò.

18 Epi m genyen epi m dispoze ba nou pi gwo richès pase sa, menm yon tè pwomiz, yon tè ki chaje avèk lèt ak siwo myèl, sou tè sa a p ap gen malediksyon ankò lè Senyè a vini;

19 Epi m pral ba nou l kòm tè eritaj nou an, si nou chèche l avèk tout kè nou.

20 Epi se pral alyans mwen avèk nou, n ap jwenn li kòm tè eritaj nou, ak “eritaj pou pitit nou yo pou toutan, pandan tè a pral kanpe, epi nou pral posede l ankò nan letènite, pou l pa janm pase.

21 Men an verite, m di nou, pandan tan an, nou p ap gen ni wa ni dirijan, paske se mwen k ap “wa nou epi m ap voye je sou nou.

22 Se poutèt sa, tandè vwa m epi “siv mwen, epi n ap yon pèp ^blib, epi nou p ap gen okenn lalwa eksepte lalwa m yo lè m

9a Lik 6:20.

GE Wayòm
Bondye oubyen
wayòm syèl la.

10a GE Pwòp ak malpwòp.

b D&A 1:30.

11a Eza. 1:3–4;

D&A 33:4.

b Miche 3:6;

D&A 112:23;

Moyiz 7:61–62.

12a Moyiz 7:41.

b D&A 86:3–7.

c GE Rekòt.

d D&A 88:94;

101:65–66.

e Mat. 13:30.

13a D&A 5:32–33.

15a GE Kouraj, ankouraje.

b GE Krent, krentif—

Krent lèzòm.

16a Mozya 4:16–18.

b 1 Sam. 2:7.

c Tra. 10:34;

Mowo. 8:11–12;

D&A 1:34–35.

17a 1 Ne. 17:39;

Abr. 2:7.

20a D&A 45:58.

21a Zak. 14:9;

2 Ne. 10:14;

Alma 5:50.

22a Jan 10:27.

b GE Jezikri—

Gouvènman

Milenyòm Kris la.

vini, paske m se ‘lejislatè nou, kiyès ki kapab rete men mwen?

23 Men, an verite, m di nou, ‘ansenye youn lòt daprè ofis m te chwazi pou nou an;

24 Epi se pou chak moun ‘konsidere frè l tankou tèt pa l, epi pou l pratike ^bvèti ak ‘sentete devan m.

25 Epi ankò m di nou konsa, se pou chak moun konsidere frè l tankou tèt pa l.

26 Paske kiyès pami nou ki gen douz pitit gason, ki pa fè eksep-syon pami yo, epi yo sèvi l avèk obeyisans, epi li di youn konsa: Abiye ou avèk wòb epi chita la; epi li di lòt la: Abiye ou avèk ran-nyon epi chita lòt bò a—epi ki gade pitit gason li yo epi ki di, m se yon moun ki jis?

27 Gade, m ba nou bagay sa a kòm yon parabòl, epi se konsa m ye menm. M di nou, nou dwe fè ‘youn; epi si nou pa fè youn nou pa moun mwen.

28 Epi ankò, m di nou, ènmi an ap fè konplo nan chanm sekre pou pran ‘lavi nou.

29 Nou tande ‘lagè nan peyi lwen yo, epi nou di talè pral gen gwo lagè nan peyi lwen yo, men nou pa konnen kè lèzòm ki nan pwòp peyi nou an.

30 M di nou bagay sa yo poutèt

priyè nou yo; se poutèt sa, fè ‘re-zèv ^blasajès anndan pwatrin nou pou mechanste lèzòm pa revele nou bagay sa yo pa mwayen mechanste yo, nan yon fason ki pral pale nan zòrèy nou avèk yon vwa pi fò pase sa ki pral souke tè a; men si nou prepare, nou p ap pè.

31 Epi pou nou kapab chape anba pouvwa ènmi an, epi pou nou rasanble yon pèp ki jis pou mwen, san ‘tach ak repwòch—

32 Se poutèt sa, se pou rezon sa a m te ba nou kòmandman pou nou ale ‘Ohio; epi se la m ap ba nou ^blalwa mwen an; epi se la nou pral ‘dote avèk pouvwa ki soti anlè a;

33 Epi depi kounyeya, nenpòt moun m vle voye, yo dwe ‘ale pami tout nasyon yo, epi m ap di yo sa yo dwe fè; paske m gen yon gran travay ki rezève, paske Izrayèl pral ^bsove, epi m ap mennen yo nenpòt kote m vle, epi okenn pouvwa p ap kapab ‘rete men m.

34 Epi kounyeya, m ap bay legliz ki nan kote sa yo yon kòmandman, pou kèk gason pami yo resevwa apèl, epi se ‘vwa legliz la ki pou aple yo;

35 Epi yo dwe voye je sou pòv yo ak moun ki nan bezwen yo,

22c Eza. 33:22;
Miche 4:2;
D&A 45:59.

23a D&A 88:77–79,
118, 122.

GE Ansenye,
enstriktè.

24a Det. 17:20;
1 Kor. 4:6.

b D&A 46:33.
GE Vèti.

c GE Sentete.

27a Jan 17:21–23;

1 Kor. 1:10;
Efe. 4:11–14;

3 Ne. 11:28–30;
Moyiz 7:18.

GE Ìnite.

28a D&A 5:33; 38:13.

29a D&A 45:26, 63;
87:1–5; 130:12.

30a M—JS 1:37.

b GE Sajès.

31a 2 Pyè 3:14.

32a D&A 37:3.

b D&A 42.

c Lik 24:49;
D&A 39:15; 95:8;
110:9–10.

33a GE Travay misyonè.

b Eza. 45:17;

Jer. 30:10;
D&A 136:22.

c Dan. 4:35.

34a GE Konsantman
jeneral.

epi travay pou ^abyennèt yo pou yo pa soufri; epi voye yo nan kote m te kòmande yo a;

36 Epi se travay yo sa, pou yo gouvène zafè byen legliz sa a.

37 Epi moun ki gen tè jaden ki pa kapab vann, se pou yo kite yo oubyen lwe yo daprè jan yo vle.

38 Wè si tout bagay ta prezève, epi lè gason yo ^adòte avèk pou vwa ki soti anlè a epi m voye yo, tout bagay sa yo pral rasanble andedan legliz la;

39 Epi si nou chèche ^arichès Papa a vle ba nou yo, n ap pi rich pase tout lòt pèp, paske n ap gen richès letènite yo; epi ^brichès yo ki sou tè a se pou mwen

yo ye epi se mwen ki pou bay yo; men fè atansyon avèk ^clògèy, pou nou pa tounen tankou ^dNe-fit lontan yo.

40 Epi m di nou ankò, m ap ba nou yon kòmandman, pou chak gason ke li se ansyen, prèt ak enstriktè, ak manm ale avèk pi sans li, avèk travay ^amen li pou prepare epi pou akonpli bagay m te kòmande yo.

41 Epi se pou ^apredikasyon nou yo sèvi kòm yon vwa ^bavètisman, chak moun pou pwochen li, nan jantiyès epi dousè.

42 Epi ^asoti pami mekan yo. Sove tèt nou. Nou dwe pwòp noumenm k ap pote vèsèl Senyè a. Se sa menm. Amèn.

SEKSYON 39

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resewa pou James Covell, nan Fayette, New York, 5 Janvye 1831. James Covell ki te yon pastè Metodis pandan karantan, li te fè alyans avèk Senyè a pou l obeyi nenpòt kòmandman Senyè a ta ba li pa lantremiz Joseph, Pwofèt la.

1–4, *Sen yo gen pouvwa pou yo vin tounen pitit Bondye; 5–6, Lè moun resewa levanjil la, yo resewa Kris la; 7–14, James Covell resewa kòmandman pou l batize epi pou l travay nan jaden Senyè a; 15–21, Sèvitè Senyè a yo dwe preche levanjil la anvan dezyèm aparasyon an; 22–24, Moun ki resewa levanjil la, yo pral rasanble nan tan sa a epi nan letènite.*

KOUTE epi tande vwa moun ki la depi nan ^aletènite jouk nan letènite a, Gran ^bMWEN MENM nan, Jezikri—

2 ^aLimyè a ak lavi mond lan, yon limyè ki klere nan tenèb yo epi tenèb yo pa konprann li;

3 Se mwen menm ki te vini nan ^amidi tan an kote moun pa m yo, epi moun pa m yo pa t resewa m;

35a GE Antrèd.

38a GE Dotasyon.

39a Jakòb 2:17–19;

D&A 11:7.

b Aje 2:8.

c GE Lògèy.

d Mowo. 8:27.

40a 1 Kor. 4:12.

41a GE Preche.

b GE Avèti, avètisman.

42a Eza. 52:11.

39 1a Ebre 13:8;

D&A 20:12;

35:1; 38:1–4.

b Egz. 3:14.

GE Jewova.

2a GE Limyè, limyè Kris.

3a D&A 20:26;

Moyiz 6:57, 62.

4 Men, tout moun ki te resevwa m, m ap ba yo pouvwa pou yo vin tounen “pitit mwen; se menm jan an tou m ap bay tout moun ki resevwa m, pouvwa pou yo vin tounen pitit mwen.

5 Epi anverite, anverite, m di non, yon moun ki resevwa levanjil mwen an, li “resevwa m; epi yon moun ki pa resevwa levanjil mwen an, li pa resevwa m.

6 Epi se “levanjil mwen an sa—repantans ak batèm nan dlo, apre sa ^bbatèm Sentespri a ak batèm dife a ap vini, Konsolatè a menm, ki montre tout bagay, epi ki “ansenye bagay pezib wayòm nan.

7 Epi kounyeya, gade, m di w, sèvitè m nan, “James, m te gade travay ou a epi m konnen ou.

8 Epi anverite m di w, kè w dwat devan m kounyeya; epi gade m te vide gwo benediksyon sou tèt ou;

9 Men, ou te wè gwo tristès, paske w te rejte m plizyè fwa poutèt lògèy ak zafè “mond lan.

10 Men, gade, jou delivrans ou yo rive, si w koute vwa m, ki di: Leve epi ^abatize, epi lave peche w yo nan non mwen, epi w ap resevwa Lespri m ak yon benediksyon ki pi gwo pase sa ou pat janm konnen.

11 Epi si w fè sa, m te prepare w pou yon pi gwo travay. Ou va preche plenitud levanjil mwen an, m te voye nan dènye jou sa

yo, alyans m te voye pou “refè pèp mwen an, ki fè pati nan kay Izrayèl la.

12 Epi, se pral konsa pouvwa pral “rete sou ou; ou pral gen anpil lafwa epi m ap avèk ou epi m prale devan fas ou.

13 Ou resevwa apèl pou w “travay nan jaden m nan, epi pou w bati legliz mwen an, epi pou w ^bedifye Siyon, pou l kapab rejwi sou kolin yo epi pou l “grandi.

14 Gade, anverite, anverite, m di w, w pa resevwa apèl pou w ale nan peyi lès yo, men, ou resevwa apèl pou w ale nan Ohio.

15 Epi toutotan pèp mwen an rasanble nan Ohio, m te kenbe yon kalite “benediksyon pitit lèzòm yo pa t janm konnen, epi m pral vide l sou tèt yo. Epi se kote sa a lèzòm pral soti pou ale nan ^btout “nasyon yo.

16 Gade, anverite, anverite, m di w, pèp ki nan Ohio a rele m avèk anpil lafwa, yo panse m ap wete men mwen nan jijman sou nasyon yo, men, m pa kapab nye pawòl mwen.

17 Se poutèt sa, kòmanse travay, epi rele travayè fidèl yo nan jaden m nan pou l kapab “netwaye pou yon dènye fwa.

18 Toutotan yo repanti epi yo resevwa plenitud levanjil mwen an, epi yo vin sanktifye, m ap wete men mwen nan “jijman an.

4a Jan 1:12.

GE Pitit gason ak pitit fi Bondye.

5a Jan 13:20.

6a GE Batèm, batize;

Levanjil; Repantans, repanti.

b GE Fèt ankò, fèt nan Bondye; Sentespri.

c D&A 42:61.

7a D&A 40:1.

9a Mat. 13:22.

10a D&A 40.

GE Batèm, batize.

11a GE Izrayèl—Rasanbleman Izrayèl la.

12a 2 Kor. 12:9.

13a Mat. 20:1–16.

b Eza. 52:8.

c D&A 117:7.

15a D&A 38:32; 95:8; 110:8–10.

b D&A 1:2.

c GE Travay misyonè.

17a Jakòb 5:61–75; D&A 24:19.

18a GE Jezikri—Jij.

19 Se poutèt sa, ale, kriye avèk yon vwa fò, pou di: Wayòm syèl la ap pwoche; kriye: Ozana! Beniswa non Bondye Ki Pi Wo a.

20 Ale, batize moun avèk dlo, prepare chemen an devan fas mwen pou lè ^aaparasyon m nan;

21 Paske lè a ap pwoche; pèsonn pa ^akonnen ^bjou a oubyen lè a; men, l ap vini kanmèm.

22 Epi moun ki resevwa bagay

sa yo, li resevwa m; epi y ap ranseble yo pou mwen kounyeya epi pou letènite.

23 Epi ankò, se pral konsa, tout moun ou va batize avèk dlo, ou va enpoze ^amen ou sou yo, epi yo va resevwa ^bdon Sentespri a, epi yo va ^cespeze siy ^aaparasyon m yo epi yo va konnen mwen.

24 Gade, m ap vini rapid rapid. Se sa menm. Amèn.

SEKSYON 40

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la ak Sidney Rigdon te resevwa, nan Fayette, New York, 6 Janvye 1831. Anvan anrejistreman revelasyon sa a, istwa Pwofèt la deklare: “Kòm James Covel te rejte pawòl Senyè a, epi li te retounen nan ansyen prensip li yo, ak moun li yo, Senyè a te bay mwen menm ak Sidney Rigdon revelasyon sa a” (gade seksyon 39).

1–3, Lakrent pèsekisyon yo ak atansyon pou bagay mond lan lakòz moun rejte levanjil la.

GADE, anverite, m di nou konsa, kè sèvitè m nan, “James Covel te dwat devan mwen, paske li te fè alyans avèk mwen pou l obeyi pawòl mwen.

2 Epi, li te ^aresevwa pawòl la avèk kontantman, men, Satan te tante l imedyatman; epi lakrent, ^bpèsekisyon, ak atansyon pou bagay mond lan fè l ^crejte pawòl la.

3 Se poutèt sa, li te vyole alyans mwen an, epi se zafè pa m pou m fè sa m vle avèk li. Amèn.

SEKSYON 41

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou Legliz la, nan Kirtland, Ohio, 4 Fevriye 1831. Revelasyon sa a bay Pwofèt la ak ansyen yo nan Legliz la direksyon pou yo priye pou yo ka resevwa “lwa” Bondye a (gade seksyon 42). Joseph Smith te fèk rive nan Kirtland soti New York, epi Leman Copley, yon manm Legliz la tou pre Thompson, Ohio, “te mande Frè Joseph ak Sidney [Ridgon] . . . pou

20a GE Dezyèm Vini Jezikri.

21a M—JS 1:40.

b Mat. 24:36.

23a GE Men, Enpozisyon.

b GE Don Sentespri.

c Apok. 3:3;

D&A 35:15; 45:39–44.

d 2 Pyè 3:10–14.

40 1a D&A 39:7–11.

2a Mak 4:16–19.

b Mat. 13:20–22.

GE Pèsekisyon,

pèsekite.

c GE Apostazi.

yo te vin abite avèk li epi li t ap ba yo kay ak pwovizyon.” Revelasyon sa a klarifye ki kote Joseph ak Sidney te dwe viv epi li aple Edward Partridge pou l vin premye evèk Legliz la tou.

1–3, *Ansyen yo pral gouvènè Legliz la avèk lespri revelasyon; 4–6, Vrè disip yo pral resevwa epi yo pral respekte lalwa Senyè a; 7–12, Yo nonmen Edward Partridge kòm yon evèk pou Legliz la.*

SENYÈ Bondye w la di, koute epi tandè, O, noumenm pèp mwen an, noumenm m pran plezi pou m “beni avèk pi gwo nan tout benediksyon yo, noumenm ki koute m yo; epi noumenm ki pa koute m yo m ap ^bmodi yo, moun ki ^cdeklare yo konnen non m yo, avèk malediksyon ki pi lou pase tout lòt yo.

2 Koute, O, noumenm ansyen yo ki nan Legliz mwen an m te bay apèl yo, gade m ba nou yon kòmandman pou nou rasanble ou ansanm pou nou mete nou ^adakò sou pawòl mwen an;

3 Epi, avèk priyè lafwa nou, n ap resevwa ^alalwa mwen an, pou nou kapab konnen kòman pou nou dirije Legliz mwen an epi pou nou fè tout bagay byen devan mwen.

4 Epi m ap ^adirijan nou lè m ^bvini; epi gade m ap vini rapid rapid, epi fè respekte lalwa mwen an.

5 Yon moun ki ^aresevwa lalwa mwen an epi ki ^bobsève l, moun sa a se disip mwen; epi yon moun ki di li resevwa l epi ki pa obsève l, moun sa a pa disip mwen, epi y ap ^cchase l soti pami nou;

6 Paske li pa bon pou bagay ki pou pitit wayòm nan ale nan men moun ki pa diy yo, oubyen ^achen yo, oubyen pou nou jete ^bpèl yo devan kochon.

7 Epi ankò, li bon pou sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, fè bati yon ^akay pou l rete epi pou l ^btradui.

8 Epi ankò, li bon pou sèvitè m nan, Sidney Rigdon viv jan l vle toutotan li respekte kòmandman m yo.

9 Epi ankò, m bay sèvitè m nan ^aEdward Partridge apèl; epi m bay yon kòmandman pou vwa legliz la nonmen l, pou yo òdone l kòm ^bevèk pou legliz la, pou l kite komès li a epi pou l ^cpase tout tan l nan travay legliz la;

10 Pou l okipe tout bagay yo dapre lalwa mwen yo nan lè m ap bay lalwa yo.

11 Epi, se poutèt kè l pi devan m, paske li tankou ^aNatanayèl nan tan lontan an, ki te san ^bfot la.

41 1a GE Benediksyon, beni.
b Det. 11:26–28;
1 Ne. 2:23.
c D&A 56:1–4;
112:24–26.
2a GE Inite.
3a D&A 42.
4a Zak. 14:9; D&A 45:59.
GE Jezikri—
Gouvènman

Milenyòm Kris la.
b GE Dezyèm
Vini Jezikri.
5a Mat. 7:24.
b Jak 1:22–25;
D&A 42:60.
c D&A 50:8–9.
GE Ekskominikasyon.
6a Mat. 15:26.
b Mat. 7:6.

7a D&A 42:71.
b svd tradwi Bib la.
D&A 45:60–61.
9a D&A 36:1.
b D&A 72:9–12;
107:68–75.
GE Evèk.
c D&A 51.
11a Jan 1:47.
b GE Frod.

12 Nou resevwa pawòl sa yo, epi yo pi devan mwen; se poutèt sa, fè atansyon nan fason n ap respekte yo, paske n ap gen pou reponn sou nanm nou nan jou jijman an. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 42

Revelasyon Joseph Smith te resevwa an de pati, nan Kirtland Ohio, 9 ak 23 Fevriye 1831. Premye pati a, ki se vèsè 1 rive 72, pwofèt la te resevwa l nan prezans douz ansyen, kòm akonplisman pwomès Senyè a te fè anvan pou l ba yo "lalwa" a nan Ohio (gade nan seksyon 38:32). Dezyèm pati a kòmanse nan vèsè 73 rive nan vèsè 93. Pwofèt la pre-size revelasyon sa a kòm yon revelasyon ki "anbrase lalwa Legliz la."

1-10, Ansyen yo resevwa apèl pou yo preche levanjil la, pou yo baptizè moun ki konvèti yo, epi pou yo bati Legliz la; 11-12, Yo dwe resevwa apèl epi yo dwe òdone yo epi yo dwe ansenye prensip levanjil yo ki nan ekriti yo; 13-17, Yo dwe ansenye epi yo dwe pwofetize avèk pouvwa Lespri a; 18-29, Sen yo resevwa kòmandman pou yo pa touye, pou yo pa manti, pou yo pa anvwi, pou yo pa fè adiltè, oubyen pou yo pa pale mal kont lòt moun; 30-39, Lalwa ki gouvènè konsekrasyon pwopriyete yo tabli; 40-42, Bondye kondane lògèy ak parès; 43-52, Moun malad yo dwe geri pa mwayen enpozisyon men epi avèk lafwa; 53-60, Ekriti yo gouvènè Legliz la epi yo dwe pwoklame devan mond lan; 61-69, Plas Nouvo Jerizalèm nan ak mistè wayòm nan yo pral revele; 70-73, Pwopriyete ki konsakre yo dwe itilize pou sipòte ofisye Legliz yo; 74-93, Lalwa ki gouvènè fònikasyon, adiltè, touye moun, vòlè, ak konfesyon peche yo tabli.

KOUTE, O, noumenm ansyen yo ki nan Legliz mwen an, ki rasanble tèt nou ansanm nan non mwen, Jezikri menm, Pitit Gason Bondye vivan an, Sovè mond lan; toutotan nou kwè nan non mwen epi nou respekte kòmandman m yo.

2 M di nou ankò, koute epi tandè epi obeyi ^alalwa m pral ba nou an.

3 Paske anverite m di, kòm nou te rasanble tèt nou ansanm dapre ^akòmandman m te ba nou an, epi kote nou dakò ^bkonsènan bagay sa a, epi nou te mande Papa a nan non mwen, se konsa n ap resevwa.

4 Gade, an verite m di nou, m ba nou premye kòmandman sa a, pou nou ale nan non mwen, chak moun, ekseptè sèvitè m nan Joseph Smith, pitit la, ak Sidney Rigdon.

5 Epi m ba yo yon kòmandman pou y ale pou yon ti tan, epi ^apouvwa Lespri a ap fè yo konnen ki lè pou yo retounen.

6 Epi nou prale avèk pouvwa

Lespri m nan, pou preche levanjil mwen an, “de moun an-sanm, nan non mwen, pou nou leve vwa nou tankou son yon twonpèt, pou nou deklare pawòl mwen an tankou zanj Bondye yo.

7 Epi nou dwe ale pou nou baptizasyon moun nan dlo, pou nou di: Repanti, repanti, paske wayòm Bondye a ap pwoche.

8 Epi nan kote sa a, nou dwe ale nan rejyon ki nan direksyon lwès yo; epi, toutotan nou jwenn moun ki resevwa nou, nou dwe bati legliz mwen an nan chak rejyon—

9 Jistan lè a rive pou nou resevwa revelasyon ki soti anlè, lè “vil ^bNouvo Jerizalèm nan prepare, pou nou kapab ^crasanble fè youn, pou nou kapab ^apèp mwen epi m ap Bondye nou.

10 Epi ankò, m di nou, pou sèvitè m nan “Edward Partridge rete nan ofis m te nonmen l la. Epi se pral konsa, si l transgrese, yon ^blòt moun pral nonmen nan plas li. Se konsa sa ye. Amèn.

11 Epi ankò m di nou, pa gen moun k ap gen dwa ale pou “preche levanjil mwen an, oubyen pou bati legliz mwen an,

san yon moun ki gen ^botorite pa ^còdone l, epi pou legliz la konnen moun nan gen otorite epi tèt legliz la te òdone l regilyèman.

12 Epi ankò, “ansyen yo, prèt yo, ak enstriktè yo ki nan legliz sa a dwe ^bansenye prensip levanjil mwen yo ki nan “Bib la ak nan ^dLiv Mòmmon an, ki gen plenitud ^elevanjil la.

13 Epi yo va obsève “alyans ak atik legliz yo, epi se pral ansèyman yo, jan Lespri a dirije yo.

14 Epi n ap resevwa Lespri a avèk ^apriyè ki fèt avèk lafwa; epi si nou pa resevwa ^bLespri a nou pa dwe ansenye.

15 Epi nou dwe obsève tout bagay sa yo jan m kòmande a konsènan ansèyman nou, jistan nou resevwa ^eekriti m yo toutantye.

16 Epi lè nou va leve vwa nou pa mwayen “Konsolatè a, nou va pale epi nou va pwofetize jan lide m di m;

17 Paskè, gade, Konsolatè a konnen tout bagay, epi li rann temwayaj konsènan Papa a ak Pitit Gason an.

18 Epi kounyeya, gade, m ap pale avèk legliz la. Nou pa dwe ^atouye; epi yon moun ki ^btouye li

6a Mak 6:7.

GE Travay misyonè.

9a D&A 57:1–2.

b Etè 13:2–11;

D&A 45:66–71;

84:2–5;

Moyiz 7:62; AL 1:10.

GE Nouvo Jerizalèm.

c GE Izrayèl—

Rasanbleman

Izrayèl la.

d Zak. 8:8.

10a D&A 41:9–11; 124:19.

b D&A 64:40.

11a GE Preche.

b GE Otorite;

Prètriz.

c GE Aple, Bondye te

aple, apèl;

Òdinasyon, òdone.

12a GE Ansyen, Èldè.

b Mozya 18:19–20;

D&A 52:9, 36.

GE Ansenye,

enstriktè.

c GE Bib.

d GE Ekriti yo—Valè

ekriti yo;

Liv Mòmmon.

e GE Levanjil.

13a svd D&A 20 (gade antèt seksyon 20 an).

14a D&A 63:64.

GE Priyè.

b GE Ansenye, enstriktè—Anseye avèk Lespri a;

Sentespri.

15a D&A 42:56–58.

16a 1 Kor. 2:10–14;

D&A 68:2–4.

GE Konsolatè.

18a Egz. 20:13–17;

Mat. 5:21–37;

2 Ne. 9:35;

Mozya 13:21–24;

3 Ne. 12:21–37.

b GE Ansasen.

p ap gen padon nan mond sa a, ni nan mond k ap vini an.

19 Epi ankò, m di, nou pa dwe touye; men, yon moun ki touye, l ap ^amouri.

20 Nou pa dwe ^avòlè; epi yon moun ki vòlè epi ki pa vle repanti, y ap chase l.

21 Nou pa dwe bay ^amanti; yon moun ki bay manti epi ki pa vle repanti, y ap chase l.

22 Nou dwe ^arenmen madanm nou avèk tout kè nou epi nou dwe ^batache avèk li sèlman epi pa avèk okenn lòt.

23 Epi yon moun ki gade yon fi avèk ^aanvi, li nye lafwa a, epi li p ap gen Lespri a; epi si l pa repanti, y ap chase l.

24 Nou pa dwe fè ^aadiltè; epi yon moun ki fè adiltè epi ki pa repanti, y ap chase l.

25 Men, yon moun ki fè adiltè epi ki ^arepanti avèk tout kè l, epi ki sispann sa, epi ki pa fè l ankò nou dwe ^bpadone l;

26 Men, si l fè sa ^aankò, li p ap jwenn padon, epi, y ap chase l.

27 Nou pa dwe ^apale pwochen nou mal, ni tou nou pa dwe fè l okenn mal.

28 Nou konnen lalwa m yo

konsènan bagay sa yo nan ekriti yo; yon moun ki fè peche epi ki pa repanti, y ap ^achase l.

29 Si nou ^arenmen m nou dwe ^bsèvi m epi ^crespekte tout kòmandman m yo.

30 Epi gade, nou dwe sonje ^apòv yo, pou nou ^bkonsakre nan pwopriyete nou yo pou ^csi-pòte yo, sipò sa a nou dwe pataje avèk yo, avèk yon alyans epi avèk yon siyati ki pa kapab vyole.

31 Epi toutotan nou ^apataje byen nou avèk ^bpòv yo, n ap fè sa pou mwen; epi n ap mete byen nou yo devan ^cevèk legliz mwen an ak de konseye l yo, de nan ansyen yo, oubyen gran prèt yo daprè jan m pral lonmen oubyen te lonmen epi ^amete yo apa pou objektif sa a.

32 Epi se pral konsa, apre yo fin depoze devan evèk legliz mwen an, epi apre l fin resevwa temwayaj sa yo konsènan ^akonsekrasyon pwopriyete sa yo pou legliz mwen an, pou moun pa kapab wete yo nan men legliz la, daprè kòmandman m nan, chak moun ap ^bresponsab devan mwen, yon ^cresponsablite sou

19a GE Pinisyon kapital.

20a GE Vòl, vòlè.

21a GE Manti; Onèt, onètete.

22a GE Lanmou, renmen; Maryaj, marye.
b Jen. 2:23–24; Efe. 5:25, 28–33.

23a Mat. 5:28; 3 Ne. 12:28; D&A 63:16.
GE Konvwate, konvwatiz.

24a GE Adiltè.

25a GE Repantans, repanti.

b Jan 8:3–11.

GE Padon.

26a 2 Pyè 2:20–22; D&A 82:7.

27a GE Tripotaj.

28a GE Ekskomunikasyon.

29a Jan 14:15, 21.

b GE Sèvis.

c GE Obeyi, obeyisan, obeyisans.

30a Mozya 4:16–26; Alma 1:27.

GE Pòv.

b GE Konsakre, lwa

konsekrasyon.

c GE Antrèd.

31a Mozya 2:17.

GE Fè lacharite, lacharite.

b GE Pòv.

c GE Evèk.

d GE Mete apa.

32a D&A 51:4.

b D&A 72:3–11.
GE Responsab, responsablite.

c GE Èntandan, entandans.

pwopriyete pa li, oubyen sou sa li te resevwa nan konsekrasyon kantite ki ase pou limenm ak ^afanmi l.

33 Epi ankò si gen pwopriyete nan men legliz la, oubyen nan men nenpòt moun legliz la, plis pase sa ki nesèsè pou bezwen l apre premye konsekrasyon sa a, ki se yon ^arès ki dwe konsakre pou evèk la, y ap kenbe l pou yo bay moun ki pa genyen yo, tantantan, pou chak moun ki bezwen kapab mande epi pou l resevwa daprè bezwen l.

34 Se poutèt sa, rès la ap rete nan magazen m, pou yo ka distribye bay moun ki pòv ak sa ki nan bezwen, jan gran konsèy legliz la fikse sa, ak evèk la, ak konsèy li;

35 Epi se nan objektif pou achte tè pou byen piblik legliz la, epi pou bati kay adorasyon, ak bati ^aNouvo Jerizalèm ki pral revele apre a—

36 Pou pèp alyans mwen an kapab rasanble fè youn nan jou sa a, lè m ^avini nan ^btanp mwen an. Epi m fè sa pou salè pèp mwen an.

37 Epi se pral konsa, yon moun ki fè peche epi ki pa repanti, y ap ^achase l nan legliz la, epi li p ap resevwa bagay li te ^bkonsakre pou pòv yo ak moun ki nan nesèsite yo ankò nan legliz la, ki vle di, pou mwen—

38 Paske, toutotan nou ^afè l pou sa ki pi piti pami moun sa yo, nou fè l pou mwen.

39 Paske se pral konsa, sa m pale nan bouch pwofèt mwen yo ap akonpli; paske, m ap konsakre kèk nan richès moun yo ki anbrase levanjil mwen an pami Janti yo pou pòv yo ki nan pèp mwen an ki fè pati kay Izrayèl la.

40 Epi ankò, nou pa dwe gen ^alògèy nan kè nou; se pou ^brad nou senp, epi yo dwe bèl tankou travay pwòp men nou;

41 Epi se pou tout bagay fèt nan pwòpte devan m.

42 Nou pa dwe gen ^aparès; paske yon moun ki parese pa dwe manje pen ni mete rad moun k ap travay.

43 Epi nenpòt moun pami nou ki ^amalad, epi ki pa gen lafwa pou l geri, men, ki kwè, yo dwe nouri l avèk anpil tandrès avèk fèy epi avèk manje lejè, epi sa pa dwe fèt pa mwayen men yon ènmi.

44 Epi yo dwe rele de oubyen plis nan ansyen legliz yo pou priye pou li epi pou enpoze ^amen sou li nan non mwen; epi si li mouri, l ap ^bmouri nan mwen, epi si li viv l ap viv nan mwen.

45 Nou dwe ^aviv ansanm avèk ^bamou, pou nou menm ^ckriye

32d D&A 51:3.

33a D&A 42:55;
51:13; 119:1–3.

35a GE Nouvo Jerizalèm;
Siyon.

36a D&A 36:8.
b Mal. 3:1.

37a D&A 41:5; 50:8–9.
GE Ekskominikasyon.
b GE Konsakre, lwa

konsekrasyon.

38a Mat. 25:34–40.
GE Antrèd;
Charite.

40a Pwov. 16:5.
GE Lògèy.

b GE Modesti.

42a D&A 68:30–32.
GE Endolan,
Endolans.

43a GE Malad, Maladi.

44a GE Administrasyon
pou malad;
Men, Enpozisyon.

b Wom. 14:8;
Apok. 14:13;
D&A 63:49.

45a 1 Jn. 4:16, 20–21.

b GE Lanmou, renmen.
c Alma 28:11–12.

pou moun ki mouri, espesyalman pou moun ki pa ^aespere yon rezirèksyon gloriye.

46 Epi se pral konsa moun ki mouri nan mwen yo p ap goute ^alanmò, paske l ap ^bgou pou yo;

47 Epi moun ki pa mouri nan mwen, malè pou yo, paske lanmò yo anmè.

48 Epi ankò se pral konsa, yon moun ki gen ^alafwa nan mwen pou l ^bgeri, si ^cjou lanmò l poko rive, l ap geri.

49 Yon moun ki gen lafwa pou l wè, l ap wè.

50 Yon moun ki gen lafwa pou l tande, l ap tande.

51 Yon moun ki brete ki gen lafwa pou l sote, l ap sote.

52 Epi moun ki pa gen lafwa pou yo fè bagay sa yo, men, ki kwè nan mwen, yo gen pouvwa pou yo vin tounen ^apitit mwen; epi toutotan yo pa vyole lwa m yo nou dwe ^bakseptè enfimite yo.

53 Nou dwe rete nan domèn ^aentandans nou.

54 Nou pa dwe pran rad frè nou; nou dwe peye pou sa nou resevwa nan men frè nou.

55 Si nou ^aresevwa plis pase sa ki ase pou sipòte nou, nou dwe bay ^bmagazen m nan li, pou tout

bagay kapab fèt dapre sa m te di a.

56 Nou dwe mande, epi n ap resevwa ^aekriti m yo jan m te tabli l la, epi y ap ^bprezève an sekirite;

57 Epi se nesesè pou nou pa devwale yo, epi pou nou pa ansenye yo jistan nou resevwa yo toutantye.

58 Epi m ba nou yon kòmandman, nou kapab ansenye tout moun yo apre sa; paske ^atout nasyon, fanmi, lang ak pèp dwe aprann yo.

59 Nou dwe pran bagay nou te resevwa yo, bagay yo te ba nou nan ekriti m yo kòm yon lalwa, kòm lalwa pou mwen pou gouvènè legliz mwen an;

60 Epi yon moun ki ^aaji dapre bagay sa yo l ap sove, epi yon moun ki pa fè yo l ap ^bdane si l kontinye konsa.

61 Si nou mande, n ap resevwa ^arevelasyon sou revelasyon, ^bkonesans sou konesans, pou nou kapab konnen ^amistè ak bagay ^apezib—ki pote ^alajwa, ki pote lavi etènel.

62 Nou dwe mande, epi m ap revele nou li nan tan pa mwen pou nou konnen ki kote ^aNouvo Jerizalèm nan pral bati.

45d 1 Kor. 15:19–22.

GE Esperans.

46a GE Lanmò, fizik.

b Apok. 14:13.

48a D&A 46:19.

GE Lafwa.

b GE Geri, gerizon.

c Ekl. 3:1–2;

Tra. 17:26;

Ebre 9:27;

D&A 122:9.

52a GE Pitit gason ak pitit fi Bondye.

b Wom. 15:1.

GE Kominyon Fratèl.

53a GE Entandan, entandans.

55a D&A 82:17–19; 119:1–3.

b D&A 42:34; 51:13.

56a D&A 45:60–61.

b GE Ekriti yo—Valè ekriti yo.

58a D&A 1:2.

60a D&A 41:5.

GE Obeyi, obeyisan,

obeyisans.

b Moyiz 5:15.

GE Danasyon, dane.

61a GE Revelasyon.

b Abr. 1:2.

GE Konesans;

Temwayaj.

c D&A 63:23.

GE Mistè Bondye yo.

d D&A 39:6.

e GE Jwa.

62a D&A 57:1–5.

63 Epi gade, se pral konsa m pral voye sèvitè m yo nan lès ak nan lwès, nan nò ak nan sid.

64 Epi kounyeya menm, se pou moun ki ale nan lès la ansenye moun ki pral konvèti yo pou yo sove ale nan ^alwès, poutèt sa ki pral rive sou tè a, ak ^bkonbinezon sekre.

65 Gade, nou va obsève tout bagay sa yo, epi rekonpans nou va gran anpil; paske m akòde nou pou nou konnen mistè wayòm nan, men, m pa akòde mond lan pou l konnen yo.

66 Nou va obsève lalwa nou te resevwa a yo epi nou dwe fidèl.

67 Epi apre sa nou pral resevwa ^aalyans legliz la, ki pral ase pou tabli nou, ni bò isit la ak nan Nouvo Jerizalèm nan.

68 Se poutèt sa, yon moun ki manke ^alasajès, se pou l mande m, epi m ap ba li an kantite san repwòch.

69 Leve kè nou epi rejwi, m te ba nou ^awayòm nan, oubyen ^bkle legliz la. Se konsa sa ye. Amèn.

70 ^aPrèt yo ak ^benstriktè yo pral gen pwòp ^centandans yo menm jan avèk manm yo.

71 Epi ansyen yo ak gran prèt yo ki nonmen pou ede evèk la kòm konseye nan tout bagay, yo dwe sipòte fanmi yo avèk pwo-priyete ki te ^akonsakre pou evèk la, pou byen pòv yo epi pou lòt

objektif, jan m te mansyone anvan an.

72 Oubyen yo dwe resevwa yon pèyman ki jis pou tout sèvis yo, pou responsablite yo oubyen lòt bagay, jan sa ta kapab pi byen prezante, oubyen jan konseye yo ak evèk la deside.

73 Epi evèk la tou dwe resevwa sipò pa li, oubyen yon pèyman ki jis pou tout sèvis li nan legliz la.

74 Gade, an verite m di nou, nenpòt moun pami nou ki mete konpayon yo sou kote poutèt ^afònikasyon, oubyen ki vle di, si yo temwaye devan nou avèk tout imilite nan kè li sou sitiya-syon an, nou pa dwe chase yo nan pami nou;

75 Men, si nou jwenn nenpòt moun ki kite konpayon yo poutèt ^aadiltè, epi yo menm poutèt pa yo, yo se ofansè a, epi konpayon yo vivan, nou dwe ^bchase yo nan pami nou.

76 Epi ankò m di nou, nou dwe ^aveye epi nou dwe fè atansyon, nan tout fason, pou nou pa resevwa moun konsa pami nou si yo marye.

77 Epi si yo pa marye, yo dwe repanti pou tout peche yo oubyen nou pa dwe resevwa yo.

78 Epi ankò tout moun ki nan legliz Kris sa a, dwe obsève tout kòmandman an yo ak alyans legliz la.

64a D&A 45:64.

^b GE Konbinezon sekre.

67a D&A 82:11–15.

68a Jak 1:5.

GE Sajès.

69a GE Wayòm

Bondye oubyen

wayòm syèl la.

^b Mat. 16:19;

D&A 65:2.

GE Kle prètriz la.

70a GE Prèt, prètriz

Aawon.

^b GE Enstriktè,

Prètriz Aawon.

^c GE Entandan,

entandans.

71a GE Konsakre, lwa

konsekrasyon.

74a GE Fònikasyon;

Imoralite seksyèl.

75a GE Adiltè.

^b GE Ekskomunikasyon.

76a GE Santinèl, veye.

79 Epi se pral konsa, si nenpòt moun pami nou "touye, y ap lage yo pou yo trete yo dapre lalwa peyi a; paske, sonje li pa gen padon; epi lalwa peyi a ap pwouve sa.

80 Epi si nenpòt gason oubyen fi fè adiltè, y ap jije l devan de ansyen nan legliz la, oubyen plis, epi chak pawòl dwe tabli kont li devan de temwen legliz la, epi se pa devan ènmi. Men, si gen plis pase de temwen li pi bon.

81 Men, se bouch de temwen ki dwe kondane l, epi ansyen yo dwe mete sitiyasyon an devan legliz la, epi legliz la dwe leve men yo kont moun nan, pou yo trete l dapre lalwa Bondye a.

82 Epi si sa kapab fèt, li nesèsè pou evèk la prezan tou.

83 Epi se konsa nou dwe fè nan tout sitiyasyon ki vini devan nou.

84 Epi si yon gason oubyen yon fi vòlè, yo dwe lage l anba lalwa peyi a.

85 Epi si l "vòlè, yo dwe lage l anba lalwa peyi a.

86 Epi si l "manti, yo dwe lage l anba lalwa peyi a.

87 Epi si l fè nenpòt kalite inikite, yo dwe lage l anba lalwa a, lalwa Bondye a menm.

88 Epi si "frè nou oubyen sè nou ^bofanse nou, nou dwe regle sa ant limenm avèk nou sèlman; epi si l ^ckonfese, nou dwe rekonsilye.

89 Epi si l pa konfese, nou dwe lage l nan men legliz la, non pa nan men manm yo, men, nan men ansyen yo. Epi sa dwe fèt nan yon reyinyon, men, pa devan mond lan.

90 Epi si frè nou an oubyen sè nou an ofanse anpil moun, yo dwe "reprimande l devan anpil moun.

91 Epi si nenpòt moun ofanse lòt an piblik, yo dwe reprimande l an piblik, pou l kapab wont. Epi si l pa konfese, yo dwe lage l nan men lalwa Bondye a.

92 Si nenpòt moun ofanse lòt an prive, li dwe gen opòtinite pou l konfese an prive devan moun li te ofanse a epi devan Bondye, pou legliz la pa pale l pawòl repwochab.

93 Epi se konsa nou dwe dirije tout bagay.

SEKSYON 43

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland, Ohio, an Fevriye 1831. Nan epòk sa a kèk moun te twouble kèk manm legliz avèk fo pretansyon yo kòm revelatè. Pwofèt la te mande Senyè a epi l te resevwa kominikasyon sa a pou ansyen yo nan Legliz la. Premye pati a pale sou regleman Legliz la; dezyèm pati a gen avètisman ansyen yo dwe bay tout nasyon sou tè a.

79a GE Ansasen.

85a GE Vòl, vòlè.

86a GE Manti;

Onèt, onètete.

88a GE Frè, frè yo;

Sè.

b Mat. 18:15-17.

c GE Konfese,

konfesyon.

90a GE Chatye, chatiman.

1–7, *Revelasyon ak kòmandman yo vini sèlman pa lantrèmiz moun ki lonmen an*; 8–14, *Sen yo sanktifye lè yo aji avèk tout sentete devan Senyè a*; 15–22, *Yo voye ansyen yo pou yo kriye repantans epi pou yo prepare lèzòm pou gran jou Senyè a*; 23–28, *Senyè a rele lèzòm avèk pwòp vwa pa Li epi atravè fòs nati a*; 29–35, *Milenyòm nan pral rive epi Satan pral mare.*

O, KOUTE, noumenm ansyen yo ki nan legliz mwen an, epi fè atansyon ak pawòl m pral di nou yo.

2 Paske gade, an verite, an verite, m di nou, nou resevwa yon kòmandman dapre “lalwa ki nan legliz mwen an, moun m te lonmen pami nou pou nou resevwa ^bkòmandman ak revelasyon yo nan men m nan.

3 Epi nou dwe konnen sa avèk asirans—pa gen okenn lòt moun ki lonmen pou nou resevwa kòmandman ak revelasyon yo jistan li sispann, si l “rete nan mwen.

4 Men an verite, an verite, m di nou, “okenn lòt moun p ap lonmen pou don sa a san se pa pa lantrèmiz limenm; paske si don sa a soti nan men l, li p ap gen pouvwa eksepte pou l lonmen yon lòt moun nan plas li.

5 Epi, sa pral yon lalwa pou nou, pou nou pa resevwa ansèyman nan men okenn moun ki

vini devan nou kòm revelasyon yo oubyen kòmandman yo;

6 Epi m ba nou bagay sa a pou yo pa “twonpe nou, pou nou konnen yo pa soti kote m.

7 Paske an verite, m di nou, moun mwen “òdone a ap vini nan ^bpòt la epi l ap òdone jan m te di nou anvan an, pou ansenye revelasyon nou te resevwa yo epi sa nou pral resevwa pa lantrèmiz moun m te lonmen an.

8 Epi kounyeya, gade, m ap ba nou yon kòmandman, pou lè nou rasanble ansanm, nou dwe “enstwi epi edifye youn lòt pou nou kapab konnen kòman pou nou aji nan legliz la, kòman pou aji sou pwèn lalwa mwen an ak kòmandman m yo, m te bay la.

9 Epi konsa, n ap vin enstwi nan lalwa legliz mwen an, epi bagay nou resevwa a ap “sanktifye nou, epi n ap mete tèt nou nan obligasyon pou nou aji nan tout sentete devan mwen—

10 Pou toutotan nou fè sa, pou glwa kapab “ajoute sou wayòm nou te resevwa a. Toutotan nou pa fè sa, y ap ^bpran l, menm sa nou te resevwa a.

11 Prije “inikite ki pami nou an soti sou nou; sanktifye tèt nou devan m;

12 Si nou vle laglwa wayòm nan, lonmen sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, alatèt nou

43 2a D&A 42.

b GE Kòmandman Bondye yo; Revelasyon.

3a Jan 15:4.

4a D&A 28:2–3.

6a D&A 46:7.

GE Twonpe, twonpri.

7a GE Òdinasyon, òdone.

b Mat. 7:13–14;

2 Ne. 9:41; 31:9,

17–18;

3 Ne. 14:13–14;

D&A 22.

8a D&A 88:77.

9a GE Sanktifikasyon.

10a Alma 12:10.

b Mak 4:25.

11a GE Peche.

epi "soutni l devan m avèk priyè nou ki fèt avèk lafwa.

13 Epi ankò, m di nou, si nou vle "mistè yo ki nan wayòm nan, ba li manje ak rad, ak nenpòt sa l bezwen pou l akonpli travay m te kòmande l fè a;

14 Epi si nou pa fè sa, l ap rete pou moun ki resevwa l yo, pou m kapab prezève yon jenerasyon "pi devan mwen.

15 M di ankò, koute, ou menm ansyen yo ki nan legliz la, m te lonmen yo: M pa voye nou pou moun ansenye nou, men, pou nou "ansenye pitit lèzòm yo bagay m te mete nan men nou yo avèk pouvwa ^bLespri m nan;

16 Epi "ansèyman nou dwe soti anwo. ^bSanktifye tèt nou epi n ap "dote avèk pouvwa, pou nou kapab bay menm jan m pale a.

17 Koute, paske gade "gran ^bjou Senyè a ap pwoche.

18 Paske jou a ap vini pou Senyè a soti "vwa li anlè nan syèl la; syèl yo pral ^bsouke epi tè a pral "tranble, epi "twonpèt Bondye a pral sonnen lontan epi byen fò, epi li pral di nasyon yo k ap dòmi an: Noumenm sen yo "leve epi viv; noumenm pechè yo frete epi ^sdòmi jistan m rele ankò.

19 Se poutèt sa, mare senti nou

pou yo pa jwenn nou pami mechan yo.

20 Leve vwa nou epi pa sispann. Rele nasyon yo pou yo repanti, granmoun tankou timoun, esklav tankou moun lib, di yo: Prepare tèt nou pou gran jou Senyè a;

21 Paske si mwen menm, ki se yon moun, m leve vwa m epi m rele nou pou nou repanti, epi nou rayi m, kisa n ap di lè jou a rive pou "loray yo soti vwa yo nan tout kwen tè a, pou yo pale nan zòrèy tout moun ki vivan, pou yo di—Repanti, epi prepare pou gran jou Senyè a?

22 Wi, epi ankò, lè zeklè yo gaye soti nan lès pou ale nan lwès, epi yo leve vwa yo devan tout vivan, epi yo fè zòrèy tout sa k ap tande yo konnen, pou di—Repanti, paske gran jou Senyè a ap vini?

23 Epi ankò, Senyè a pral soti vwa l nan syèl la pou l di: Koute, O, noumenm nasyon yo ki sou tè a, epi tande pawòl Bondye ki te fè nou an.

24 O, noumenm nasyon yo ki sou tè a, konbyen fwa pou m ta rasanble nou ansanm tankou yon "manman poul rasanble ti poul li yo anba zèl li, men, nou ^bpa vle!

25 Konbyen fwa m "rele nou

12a GE Soutni dirijan legliz yo.

13a GE Mistè Bondye yo.

14a GE Pi, pite.

15a GE Travay misyonè.

b GE Ansenye, enstriktè—Anseye avèk Lespri a.

16a GE Enspirasyon, enspire.

b GE Sanktifikasyon.

c Lik 24:49;

D&A 38:32; 95:8–9; 110:8–10.

17a Mal. 4:5; D&A 2:1; 34:6–9.

b D&A 29:8. GE Dezyèm Vini Jezikri.

18a Jowèl 2:11; D&A 133:50.

b Jowèl 2:10; 3:16; D&A 45:48.

c D&A 88:87.

d D&A 29:13; 45:45.

e GE Rezirèksyon.

f D&A 76:85; 88:100–101.

g Mòm. 9:13–14.

21a 2 Ne. 27:2;

D&A 88:90.

24a Mat. 23:37;

3 Ne. 10:4–6.

b GE Rebelyon.

25a Ela. 12:2–4.

avèk vwa ^bsèvitè m yo, epi avèk ^cministè zanj yo, epi avèk pwòp vwa pa m, epi avèk vwa loray, epi avèk vwa zeklè, epi avèk vwa tanpèt, epi avèk vwa tranbleman tè, ak pakèt lagrèl, epi avèk vwa ^dfamin, ak tout kalite lapès, ak gwo son twonpèt, ak vwa jijman, ak vwa ^emizèrikòd tout jounen, ak vwa laglwa ak onè ak richès lavi etènèl, epi pou m ta sove nou avèk yon lavi ^fetènèl, men, nou pa vle!

26 Gade, jou a rive, tas kòlè endiyasyon m nan chaje.

27 Gade, an verite m di nou, sa yo se pawòl Senyè Bondye nou an.

28 Se poutèt sa, travay, ^atravay nan jaden m nan pou yon dènye fwa—pou yon dènye fwa, rele abitan yo ki sou tè a.

29 Paske, nan tan pa mwen, m ap ^avini sou tè a nan jijman, epi pèp mwen an ap rachte epi yo pral gouvènè avèk mwen sou tè a.

30 Paske, gran ^aMilenyòm m te pale avèk bouch sèvitè m yo pral vini.

31 Paske, ^aSatan pral ^bmare, epi lè l demare ankò, l ap gouvènè pou yon ^cti tan, epi apre sa ^dfinisman tè a ap vini.

32 Epi yon moun k ap viv nan ^alajistis ap ^bchanje nan yon koudèy, epi tè ap pase kòm si se avèk dife.

33 Epi mechan yo prale nan ^adife ki pa kapab etenn, epi pa gen pèsonn sou tè a ki konnen finisman yo, ni tou yo p ap janm konnen l, jistan yo vini devan m nan ^bjijman.

34 Koute pawòl sa yo. Gade, m se Jezikri, ^aSovè mond lan. ^bKon-sève bagay sa yo nan kè nou, epi kite ^cgwo bagay letènite yo ^are-poze nan ^cpanse nou.

35 Rete tèt ^apoze. Respekte tout kòmandman m yo. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 44

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la ak Sidney Rigdon te resevwa, nan Kirtland, Ohio, nan finisman Fevriye 1831. Yon fason konfòm avèk rekòmandasyon ki tabli a, Legliz la fikse pou yon konferans fèt bonè nan mwa Jen apre a.

25^b Mat. 23:34.
 GE Pwofèt.
^c D&A 7:6; 130:4–5.
^d Jer. 24:10;
 Amòs 4:6;
 D&A 87:6;
 M—JS 1:29.
^e GE Mizèrikòd.
^f GE Imòtalite, imòtèl;
 Lavi etènèl;
 Sali.
 28^a Jakòb 5:7;
 D&A 33:3.

GE Jaden Senyè a.
 29^a GE Dezyèm
 Vini Jezikri.
 30^a GE Milenyòm.
 31^a 1 Ne. 22:26.
 GE Dyab.
^b D&A 45:55;
 84:100; 88:110.
^c Apok. 20:3;
 Jakòb 5:77;
 D&A 29:22.
^d GE Mond—Finisman
 mond lan.

32^a GE Jis, jistis.
^b 1 Kor. 15:51–52;
 D&A 63:51; 101:31.
 GE Rezirèksyon.
 33^a Mat. 3:12.
^b GE Jezikri—Jij.
 34^a GE Sovè.
^b M—JS 1:37.
^c D&A 84:61; 100:7–8.
^d GE Medite.
^e GE Panse (lespri).
 35^a Wom. 12:3;
 D&A 18:21.

1-3, *Ansyen yo dwe rasanble nan konferans*; 4-6, *Yo dwe òganize dapre lalwa peyi a epi yo dwe pran swen pòv yo.*

GADE, men sa Senyè a te di noumenm sèvitè m yo, li nesese pou mwen pou nou konvoke ansyen yo ki nan Legliz mwen ansanm, soti nan lès ak nan lwès, epi soti nan nò ak nan sid, avèk yon lèt oubyen nan yon lòt fason.

2 Epi se pral konsa, toutotan yo fidèl, epi yo egzèse lafwa nan mwen, m ap vide "Lespri m sou yo nan jou yo rasanble ansanm nan.

3 Epi se pral konsa yo prale nan reyon alantou yo, pou yo "preche pèp la repantans.

4 Epi tèlman gen anpil k ap "konvèti, nou pral gen pouvwa pou nou òganize tèt nou ^bdapre lalwa lèzòm;

5 Pou "ènmi nou yo pa gen pouvwa sou nou; pou nou kapab proteje nan tout bagay; pou nou kapab gen pouvwa pou nou respekte lalwa m yo; pou tout kòd kote ènmi yo chèche mare pèp mwen an kapab kase.

6 Gade, m di nou, nou dwe "vizite pòv yo ak moun ki nan nesosite yo pou nou pote yo sekou, pou yo kapab soutni yo jistan tout bagay kapab fèt dapre lalwa m nan nou te resevwa a. Amèn.

SEKSYON 45

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou Legliz la, nan Kirtland, Ohio, 7 Mas 1831. Kòm prefas pou rejis revelasyon sa a, istwa Joseph Smith la deklare: "Nan nivo sa a Legliz la ye a . . . anpil fo rapò . . . ak istwa moun fou, te pibliye . . . epi yo te sikile, . . . pou anpeche moun enfòmè sou travay la, oubyen anbrase lafwa a. . . . Men, pou lajwa Sen yo, . . . M te resevwa bagay sa a."

1-5, *Kris la se avoka nou kote Papa a*; 6-10, *Levanjil la se yon mesaj pou prepare chemen an devan Senyè a*; 11-15, *Senyè a te resevwa Enòk ak frè l yo pou tèt pa Li*; 16-23, *Kris la revele siy aparisyon Li a menm jan Li te bay yo sou Mòn Olivye a*; 24-38, *Levanjil la pral retabli, tan Janti yo pral akonpli, epi yon dezolasyon maladi pral kouvri tè a*; 39-47, *Siy, mèvèy, ak*

Rezirèksyon an pral akonpaye Dezòm Aparisyon an; 48-53, *Kris la pral kanpe sou Mòn Olivye a, epi Juif yo pral wè mak ki nan men Li ak pye Li yo*; 54-59, *Senyè a pral renye pandan Milenyòm nan*; 60-62, *Pwofèt la resevwa estriksyon pou l kòmanse tradiksyon Nouvo Testaman an, kote Bondye pral fè nou konnen enfòmasyon ki enpòtan*; 63-75, *Sen yo resevwa*

44 2a Tra. 2:17.

3a GE Preche.

4a GE Konvèsyon,

konvèti.

b D&A 98:5-7.

5a 2 Ne. 4:33.

6a Jak 1:27.

GE Antrèd;

Konpasyon.

kòmandman pou yo rasanble epi pou yo bati Nouvo Jerizalèm nan, kote moun pral soti nan tout nasyon pou vini.

KOUTE, O, noumenm pèp ^ale-gliz mwen an, noumenm ki te resevwa ^bwayòm nan; koute epi tande moun ki te fè fondasyon tè a, ki te ^cfè syèl la ak tout lame yo ki ladan l, epi limenm ki te fè tout bagay ki vivan, ki gen mouvman, epi ki gen yon egzistans la.

2 Epi ankò, m di nou, koute vwa m, pou ^alanmò pa kapote nou; nan yon ^blè nou pa panse ete a pral pase, epi ^crekòt la pral fini, epi nanm nou p ap sove.

3 Koute moun ki se ^aavoka devan Papa a, k ap plede kòz nou devan li a—

4 Ki di: Papa, gade ^asoufrans ak lanmò moun ki pa t fè ^bpeche a, moun ki te fè ou plezi a; gade san Pitit Gason ou nan ki te koule a, san moun ou te bay pou ou menm ou te kapab ^cglorifye a;

5 Se poutèt sa, Papa, epanye frè m sa yo ki ^akwè nan non mwen yo, pou yo kapab vin jwenn mwen epi pou yo genyen ^blavi etènèl.

6 Koute, O, noumenm pèp le-

gliz mwen an, epi noumenm ansyen yo koute ansanm, epi tande vwa m pandan li toujou ^alajou-nen an, epi pa fè kè nou di;

7 Paske, an verite, m di nou m se ^aAlfa ak Omega, kòmansman ak finisman an, limyè ak lavi mond lan—yon ^blimyè ki klere nan fènwa epi fènwa a pa konprann li.

8 M te vin jwenn moun pa m yo, epi moun pa m yo pa t resevwa m; men, tout moun ki resevwa m, m ba yo ^apouvwa pou yo fè anpil ^bmirak, epi pou yo vin tounen ^cpitit Bondye; epi menm bay moun ki ^dkwè nan non mwen, yo gen pouvwa pou yo jwenn ^elavi etènèl.

9 Epi se konsa menm m voye ^aalyans ^betènèl mwen an nan mond lan, kòm yon limyè pou mond lan, epi kòm yon ^cmodèl pou pèp mwen an, epi pou ^dJanti yo chèche l, epi kòm yon ^emesaje devan fas mwen pou prepare chemen an devan m.

10 Se poutèt sa, vini ladan l, epi m ap rezone avèk moun ki vini an menm jan avèk moun nan tan lontan yo, epi m ap montre ou ^afòs ki gen nan rezonman mwen an.

45 1a GE Legliz Jezikri.

b D&A 50:35.

c Jer. 14:22;

3 Ne. 9:15;

D&A 14:9.

GE Kreyasyon, kreye.

2a Alma 34:33–35.

b Mat. 24:44.

c Jer. 8:20;

D&A 56:16.

GE Rekòt.

3a D&A 62:1.

GE Avoka.

4a D&A 19:18–19.

GE Ekspyasyon, ekspye.

b Ebre 4:15.

c Jan 12:28.

5a D&A 20:25;

35:2; 38:4.

b Jan 3:16.

6a Ebre 3:13;

D&A 64:23–25.

7a Apok. 1:8; 21:6;

D&A 19:1.

b Jan 1:5.

8a Mat. 10:1.

GE Pouvwva.

b GE Mirak.

c GE Pitit gason ak pitit fi Bondye.

d GE Kwayans, kwè; Lafwa.

e D&A 14:7.

9a Jer. 31:31–34;

Mòm. 5:20.

b GE Nouvo alyans etènèl.

c 2 Ne. 29:2.

d Eza. 42:6;

2 Ne. 10:9–18.

e Mal. 3:1.

10a Eza. 41:21;

D&A 50:10–12.

11 Se poutèt sa, koute ansanm epi kite m montre nou lasajès mwen—lasajès moun nou di ki se Bondye ^aEnòk la ak frè l yo,

12 Ki te ^asepare avèk tè a, epi m te resevwa nan mwen menm nan—yon ^bvil ki rezève jistan jou lajistis la rive—yon jou tout moun ki sen yo t ap chèche a, epi yo pa t jwenn li poutèt mechanste ak abominasyon;

13 Epi yo te konfese pou fè konnen yo te ^aetranje ak pèleren sou tè a;

14 Men, yo te gen ^apwomès pou yo jwenn li epi pou yo wè l nan kò fizik la.

15 Se poutèt sa, koute epi m ap rezone avèk nou, m ap pale avèk nou epi m ap pwofetize, menm jan avèk moun nan tan lontan yo.

16 Epi m ap montre l byen klè menm jan m te ^amontre disp mwen yo li a pandan m te rete avèk yo nan kò fizik la, epi m te pale avèk yo, m te di: Jan nou te mande m konsènan ^bsiy aparasyon m nan, nan jou lè m ap vini nan laglwa m nan nyaj yo nan syèl la, pou m akonpli pwomès m te fè zansèt nou yo,

17 Paske, jan nou te konsidere ^aentèval ki separe ^blespri nou avèk kò nou an kòm yon esklavaj, m ap montre nou kòman jou

redanmsyon an pral vini, epi tou ak ^arestorasyon Izrayèl ki te ^ddispèse a.

18 Epi kounyeya, nou wè tanp sa ki nan Jerizalèm nan, tanp sa nou di ki se kay Bondye a, epi ènmi nou yo di konsa kay sa a p ap janm tonbe.

19 Men, an verite m di nou, dezolasyon sa a pral vini sou jenerasyon sa a tankou yon vòlè nan nuit, epi pèp sa a pral detwi epi yo pral dispèse pami tout nasyon yo.

20 Epi tanp sa a nou wè kounyeya pral chavire epi pa gen yon wòch ki pral rete sou yon lòt.

21 Epi jenerasyon Juif sa a p ap pase jistan chak dezolasyon m te pale nou konsènan Juif yo rive.

22 Nou di, nou konnen ^afinisman mond lan ap vini; nou di nou konnen syèl la ak tè a pral pase tou;

23 Epi nan bagay sa a nou di la-verite, paske se vre; men, bagay sa yo m te di nou an p ap pase jistan tout bagay akonpli.

24 Epi, men sa m di nou konsènan Jerizalèm; epi lè jou sa a rive, gen yon rèl la dan yo k ap ^adispèse pami tout nasyon yo;

25 Men, yo pral ^arasanble ankò; epi y ap rete jistan tan ^bJanti yo akonpli.

11a Moyiz 7:69.
12a TJS Jen. 14:30-34
(Apendis);
D&A 38:4;
Moyiz 7:21.
b Moyiz 7:62-64.
c Esiyon.
13a Ebre 11:13;
1 Pyè 2:11.
14a Ebre 11:8-13;
Moyiz 7:63.

16a Mat. 24;
Lik 21:7-36;
M—JS 1.
b GE Dezyèm
Vini Jezikri.
17a D&A 138:50.
b GE Lespri.
c GE Izrayèl—
Rasanbleman
Izrayèl la.
d 1 Ne. 10:12-14.

GE Izrayèl—
Dispèsyon Izrayèl la.
22a GE Mond—Finisman
mond lan.
24a 2 Ne. 25:15.
25a Ney. 1:9;
Eza. 11:12-14;
1 Ne. 22:10-12;
2 Ne. 21:12-14.
b Lik 21:24.

26 Epi nan ^ajou sa a, moun pral tande ^blagè ak bri lagè, epi tout tè a pral nan gwo boulvès, epi kè lèzòm pral ^ckite yo epi yo pral di Kris la ^dranvwaye vini li a jouk nan finisman tè a.

27 Epi lanmou lèzòm pral vin refwadi, epi inikite pral fè mikalaw.

28 Epi lè tan ^aJanti yo rive, yon ^blimyè pral jayi pami moun ki chita nan tenèb yo, epi se va plenitid levanjil mwen an;

29 Men, yo pa ^aresevwa l; paske yo pa apès limyè a, epi yo vire ^bkè yo lwen mwen akòz ^cpresèp lèzòm.

30 Epi nan jenerasyon sa a, tan Janti yo pral akonpli.

31 Epi gen moun nan jenerasyon sa a ki p ap pase anvan yo wè yon ^amalediksyon ki pral gaye; paske yon dezolasyon maladi pral kouvri tè a.

32 Men, disip mwen yo pral ^akanpe nan kote ki sen, epi moun p ap kapab deplase yo; men, pami mechan yo, moun pral leve vwa yo, yo pral ^bmodi Bondye epi yo pral mouri.

33 Epi pral gen ^atranbleman tè nan anpil kote, ak anpil dezolasyon; malgre sa lèzòm pral fè kè yo di kont mwen, epi youn pral

rale ^bepe kont lòt, epi youn pral touye lòt.

34 Epi kounyeya, lè mwen menm Senyè a, m te fin pale disip mwen yo pawòl sa yo, yo te enkyete.

35 Epi m te di yo: Pa ^aenkyete, paske lè tout bagay sa yo pral rive, nou kapab konnen pwomès m te fè nou yo pral akonpli.

36 Epi lè limyè a kòmanse jayi, se va pou yo tankou yon parabòl m pral montre nou—

37 Nou leve gade ^apye figye yo, epi nou wè yo avèk je nou, epi nou di konsa lè yo kòmanse pouse branch epi fèy yo toujou yo jèn, nou di, ete a ap pwoche,

38 Se konsa l ap ye nan jou sa a, lè yo wè tout bagay sa yo, lè sa a y ap konnen moman an prèske rive.

39 Epi se pral konsa yon moun ki gen ^alakrent pou mwen, li pral ^brete tann gwo ^cjou Senyè a k ap vini, ^dsiy vini ^ePitit Gason Lòm nan.

40 Epi yo pral wè siy ak mèvèy, paske yo pral parèt anlè nan syèl la ak anba sou tè a.

41 Epi yo pral wè san, ak ^adife, ak vapè lafimen.

42 Epi anvan jou Senyè a vini, ^asolèy la pral fènwa epi lalin nan

26a GE Dènye jou yo.

b D&A 87;

M—JS 1:23.

c Lik 21:26.

d 2 Pyè 3:3–10.

28a 1 Ne. 15:13.

b GE Limyè, limyè Kris; Retablisman levanjil la.

29a Jan 1:5.

b Mat. 15:8–9.

c D&A 3:6–8; 46:7;

I—JS 1:19.

31a D&A 5:19–20;

97:22–25.

32a D&A 101:21–22, 64.

b Apok. 16:11, 21.

33a D&A 43:18; 88:87–90.

b D&A 63:33.

35a Mat. 24:6.

37a Mak 13:28;

Lik 21:29–31.

39a D&A 10:55–56.

GE Krent, krentif—

Krent Bondye;

Obeyi, obeyisan,

obeyisans.

b 2 Pyè 3:10–13;

D&A 35:15–16;

Moyiz 7:62.

c GE Dezyèm

Vini Jezikri.

d GE Siy tan yo.

e GE Pitit gason

lòm nan.

41a D&A 29:21; 97:25–26.

42a Jowèl 2:10;

Apok. 6:12;

D&A 88:87; 133:49.

pral tounen san, epi zetwal yo pral soti tonbe nan syèl la.

43 Epi rès la pral rasanble nan plas sa a;

44 Epi lè sa a, yo pral chèche m, epi gade, m ap vini; epi y ap wè m nan nyaj syèl la, abiye avèk pouvwa epi avèk anpil ^alaglwa; avèk tout zanj sen yo; epi yon moun ki pa ^brete ap tann mwen, l ap retranche.

45 Men, anvan ponyèt Senyè a tonbe, yon zanj pral sonnen ^atwonpèt li, epi sen ki t ap dòmi yo ^bpral parèt pou rankontre m nan ^cnyaj yo.

46 Se poutèt sa, si w t ap dòmi nan ^alapè w ap beni; paske jan ou wè m kounyeya epi w konnen m egziste a, se konsa w ap ^bvin jwenn mwen epi nanm ou pral ^cviv, epi redanmsyon ou pral vin pafè; epi sen yo pral vin soti nan kat kwen tè a.

47 Lè sa a ^aponyèt Senyè a pral tonbe sou nasyon yo.

48 Epi lè sa a, Senyè a pral mete pye l sou ^amòn sa a, epi li pral fann fè de, epi tè a pral ^btranble, balanse pasi-pala, epi syèl yo pral ^csouke tou.

49 Epi Senyè a pral soti vwa li, epi tout kwen tè a pral tande l; epi nasyon yo ki sou tè a pral

^alamante, epi moun ki t ap ri yo pral wè foli yo.

50 Kalamite pral kouvri mokè yo, epi moun fawouchè yo pral konsonnen; epi moun ki t ap chèche inikite yo pral chavire tonbe nan dife.

51 Epi lè sa a, ^aJuif yo pral ^bgade m epi y ap di: Ki mak sa yo ki nan men ou yo ak pye w yo?

52 Lè sa a, yo pral konnen m se Senyè a; paske m ap di yo: Mak sa yo se mak yo te ^ablese m nan kay zanmi m yo. M se moun yo te leve anlè a. M se Jezi yo te ^bkrisifye a. M se Pitit Gason Bondye a.

53 Epi lè sa a, yo pral ^akriye avèk dlo nan je poutèt inikite yo; apre sa yo pral lamante poutèt yo te pèsekite ^bwa yo a.

54 Epi lè sa a nasyon ^apayen yo pral rachte, epi moun ki pa t gen lalwa yo pral fè pati premye ^brezirèksyon an; epi l ap ^ctolerab pou yo.

55 Epi ^aSatan pral ^bmare, pou l pa gen plas nan kè pitit lèzòm.

56 Epi nan ^ajou sa a, lè m vini nan laglwa mwen, parabòl m te pale konsènan dis ^bvyèj yo pral akonpli.

57 Paske, moun saj yo ki te resevwa ^averite a, epi ki te pran

44a GE Jezikri—
Glwa Jezikri.

b Mat. 24:43-51;
Mak 13:32-37.

45a D&A 29:13; 43:18.

b D&A 88:96-97.
GE Rezirèksyon.

c 1 Tes. 4:16-17.

46a Alma 40:12.

b Eza. 55:3.

c GE Lavi etènèl.

47a D&A 1:12-16.

48a Zak. 14:4.

b D&A 43:18;
88:87.

c Jowèl 3:16;
D&A 49:23.

49a D&A 87:6.

51a GE Juif yo.

b Zak. 12:10.

52a Zak. 13:6.

b GE Krisifiksyon.

53a Apok. 1:7.

b Lik 23:38;

Jan 19:3, 14-15.

54a Ezek. 36:23; 39:21.

b GE Rezirèksyon.

c D&A 75:22.

55a GE Dyab.

b Apok. 20:2;

1 Ne. 22:26;

D&A 43:31;

88:110.

56a GE Dezyèm

Vini Jezikri.

b Mat. 25:1-13;

D&A 63:54.

57a GE Verite.

Sentespri a pou ^bgid yo, epi ki pa t ^cegare yo—an verite m di w, yo p ap rache jete nan ^ddife, men, y ap sipòte jou a.

58 Epi y ap resevwa ^atè a kòm ^beritaj; yo pral multipliye epi yo pral vin fò, epi pitit yo pral ^cgrandi san peche nan ^dsali.

59 Paske Senyè a pral nan ^amitan yo, epi laglwa li pral sou yo, epi se li k ap wa yo epi ki ap ba yo ^blalwa.

60 Epi kounyeya, gade, m di w, m p ap akòde w pou w konnen plis konsènan chapit sa a, jistan ^aNouvo Testaman an tradui, epi yo pral fè nou konnen tout bagay sa yo ladan l;

61 Se sa ki fè, m kòmande w pou w tradui l kounyeya, pou w kapab pare pou bagay ki pral vini yo.

62 Paske, an verite, m di w, gen gwo bagay k ap rete tann ou;

63 Ou tande pale konsènan ^alagè nan peyi etranje; men, gade, m di w yo pre, devan pòt ou menm, epi anpil ane p ap pase, ou pral tande pale konsènan lagè nan pwòp peyi w la.

64 Se sa ki fè, mwen menm Senyè a, m te di pou nou rasanble soti nan zòn ^alès yo, rasanble nou ansanm, noumenm ansyen yo ki nan legliz mwen an; ale

nan zòn lwès yo, rele abitan yo pou yo repanti, epi toutotan yo repanti, bati legliz pou mwen.

65 Epi avèk yon sèl kè ak yon sèl panse, rasanble richès nou yo pou nou kapab ^aachte yon eritaj ki pral vin tounen pa nou.

66 Epi yo pral rele l ^aNouvo Jerizalèm nan, yon ^bpeyi ^clapè, yon vil ^drefij, yon kote an sekirite pou sen Bondye Ki Pi Wo a;

67 Epi ^alaglwa Senyè a pral la, epi kòlè Senyè a pral tèlman la tou, mechan yo pral vini ladan l epi yo pral rele l Siyon.

68 Epi se pral konsa pami mechan yo, nenpòt moun ki pa pran epe kont Siyochen l, li dwe kouri ale nan Siyon pou sekirite.

69 Epi yo pral ^arasanble ladan l soti nan chak nasyon ki anba syèl la; epi se va sèl pèp ki p ap nan lagè youn kont lòt.

70 Epi nan pami mechan yo moun pral di: An nou pa monte ale goumen kont Siyon, paske abitan Siyon yo terib, se sa ki fè, nou pa kapab kanpe.

71 Epi se pral konsa moun ki jis yo pral rasanble soti nan pami tout nasyon yo, epi yo pral vini nan Siyon, pou yo chante chan lajwa etènèl.

72 Epi kounyeya, m di w konsa, pa kite bagay sa yo ale

57^b GE Sentespri.

^c M—JS 1:37.

^d D&A 29:7–9; 63:34; 64:23–24; 101:22–25.

58^a GE Milenyòm.

^b Mat. 5:5.

^c D&A 63:51; 101:29–31.

^d GE Sali.

59^a D&A 29:11; 104:59.

^b Jen. 49:10; Zak. 14:9; D&A 38:21–22.

60^a GE Tradiksyon Joseph

Smith (rjs). Gade tou nan Seleksyon yo ki soti nan tradiksyon Bib la Joseph Smith te fè a.

63^a D&A 38:29; 87:1–5; 130:12.

64^a D&A 42:64.

65^a D&A 63:27.

66^a Etè 13:5–6; Moyiz 7:62; AL 1:10. GE Nouvo Jerizalèm;

Siyon.

^b D&A 57:1–3.

^c GE Lapè.

^d Eza. 4:6; D&A 115:6.

67^a D&A 64:41–43; 97:15–18.

GE Jezikri—Glwa Jezikri.

69^a Det. 30:3; Jer. 32:37–39; D&A 33:6.

lòtbò nan mond lan jistan mwen jije l nesèsè, pou w akonpli travay sa a devan je pèp la, epi devan je ènmi w yo, ki kapab pa konnen travay ou jistan ou akonpli bagay m te kòmande w la;

73 Pou lè yo konnen l, pou yo kapab konsidere bagay sa yo.

74 Paske lè Senyè a parèt, l ap “terib pou yo, pou lakrent kapab sezi yo, y ap kanpe lwen epi y ap tranble.

75 Epi tout nasyon yo pral gen lakrent poutèt kòlè Senyè a, ak pouvwa puisans li. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 46

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou Legliz la, nan Kirland, Ohio, 8 Mas 1831. Nan kòmansman Legliz la, yon modèl presi pa t ko devlope pou dirije sèvis Legliz la. Sepandan, yon koutim pou admèt sèlman manm Legliz ak envestigatè ki sensè nan reyinyon sentsèn yo ak lòt asanble Legliz la te vin yon jan jeneral. Revelasyon sa a eksprime volonte Senyè a konsènan fason pou gouvènè ak fason pou dirije reyinyon yo ak direksyon Li konsènan chèche ak disène don Lespri yo.

1–2, Ansyen yo dwe dirije reyinyon yo jan Sentespri a gide yo; 3–6, Yo pa dwe refize moun k ap chèche verite sensèman nan sèvis sentsèn yo; 7–12, Mande Bondye epi chèche don Lespri yo; 13–26, Yo site kèk nan don Lespri yo; 27–33, Dirijan Legliz yo resevwa pouwa pou yo konnen don Lespri yo.

KOUTE, O, noumenm pèp legliz mwen an; paske anverite m di nou, m te di nou bagay sa yo pou “pwofi nou epi pou nou aprann.

2 Men, malgre bagay sa yo ekri, “ansyen yo ki nan legliz mwen an te toujou resevwa enspirasyon, depi nan kòmansman, epi y ap toujou resevwa enpirasyon, pou yo ^bdirije tout

reyinyon jan Sentespri a enspire yo epi jan l gide yo.

3 Men, m kòmande nou pou nou pa janm “mete okenn moun deyò nan reyinyon piblik nou yo ki fèt devan mond lan.

4 M kòmande nou tou pou nou pa mete okenn moun ki manm “legliz la deyò nan reyinyon sentsèn nou yo; sepandan, si nenpòt moun transgrese, ^bpa kite l pran sentsèn jistan li fè rekonsilyasyon.

5 Epi m di nou ankò, nou pa dwe mete deyò nan reyinyon sentsèn okenn moun k ap chèche wayòm nan avèk senserite—m pale bagay sa a konsènan moun ki pa manm legliz yo.

6 Epi m di nou ankò, konsènan reyinyon ^akonfimasyon nou yo, si gen nenpòt moun ki pa manm

74a Sof. 2:11.

46 1a 2 Tim. 3:16–17.

2a Alma 6:1.

b Mowo. 6:9;

D&A 20:45.

3a 3 Ne. 18:22–25.

GE Kominyon Fratèl.

4a GE Legliz Jèzikri.

b 3 Ne. 18:26–32.

GE Sentsèn.

6a svd pou konfimasyon sila yo ki te fèk batize.

legliz la, k ap chèche wayòm nan avèk senserite, nou pa dwe mete yo deyò.

7 Men, m kòmande nou nan tout bagay pou nou ^amande Bondye, ki bay libelibè; epi sa Lespri a temwaye nou, m ta vle pou nou fè l avèk yon kè ki plen ^bsentete, pou nou mache dwat devan mwèn, pou nou ^ckonsidere objektif sali nou, pou nou fè tout bagay avèk priyè epi avèk ^dremèsiman, pou move lespri pa ^esedui nou, oubyen doktrin ^fdyab la, oubyen ^gkòmandman lèzòm; paske gen kèk ki soti nan men lèzòm, epi gen lòt ki soti nan men dyab la.

8 Se poutèt sa, fè atansyon pou nou pa twonpe; epi pou yo pa twonpe nou, ^achèche pi bon don yo sensèman, toujou sonje poukisa yo ba nou yo;

9 Paske m di nou an verite, nou resevwa yo pou benefis moun ki renmen m epi ki respekte kòmandman m yo, ak pou moun k ap chèche fè sa; pou tout moun ki mande m kapab benefisye, ki pa mande pou yon ^asiy, pou yo kapab ^bitilize l lè yo gen anvi.

10 Epi ankò, an verite m di nou, m ta vle nou toujou sonje, epi pou nou toujou kenbe sa nan ^apanse nou, kisa ^bdon sa yo legliz la resevwa a ye.

11 Paske, tout moun pa rese-

vwa tout don; paske, gen anpil don, epi Lespri Bondye a bay ^achak moun yon don.

12 Kèk moun resevwa youn, epi kèk lòt moun resevwa yon lòt, pou tout moun kapab pwogrese.

13 Sentespri a bay kèk moun don pou yo ^akonnen Jezikri se Pitit Gason Bondye a, epi yo te krisifye li pou peche mond lan.

14 Kèk lòt moun resevwa don pou yo ^akwè nan pawòl yo, pou yo kapab genyen lavi etènèl si yo rete fidèl.

15 Epi ankò, Sentespri a bay kèk moun don pou yo konnen ^adiferans ki genyen ant administrasyon, kòm sa va fè menm Bondye a, nan relasyon avèk mizèrikòd li, dapre kondisyon pitit lèzòm.

16 Epi ankò, Sentespri a bay kèk moun don pou yo vin konnen divès fòm operasyon, si yo soti nan Bondye, pou chak moun resevwa manifestasyon Lespri a pou chak moun kapab benefisye nan tout.

17 Epi ankò, an verite m di nou, Lespri Bondye a bay kèk moun don pawòl ^asajès.

18 Yon lòt moun resevwa pawòl ^akonesans, pou ansenye tout moun pou yo kapab saj epi pou yo kapab gen konesans.

19 Epi ankò, kèk moun resevwa don pou yo gen ^alafwa pou yo kapab geri;

7a Jak 1:5-6; D&A 88:63.

b GE Sentete.

c GE Medite.

d Sòm 100;

Alma 34:38.

GE Rekonesan,
remèsiman.

e 1 Tim. 4:1-4;

D&A 43:5-7.

f GE Dyab.

g D&A 3:6-7; 45:29.

8a 1 Kor. 12:31.

9a GE Siy.

b Jak 4:3.

10a GE Panse (lespri).

b 1 Kor. 14:12.

GE Don Lespri yo.

11a 1 Kor. 12:4-11.

13a GE Temwayaj.

14a 3 Ne. 12:2.

GE Kwayans, kwè.

15a Mowo. 10:8.

17a Mowo. 10:9.

GE Sajès.

18a GE Konesans.

19a D&A 42:48-52.

GE Lafwa.

20 Epi kèk lòt moun resevwa don pou yo gen lafwa pou fè ^agerizon.

21 Epi ankò, kèk moun resevwa don pou yo fè ^amirak;

22 Epi lòt moun resevwa don pou yo ^apwofetize;

23 Epi lòt moun, pou yo ^adistenge lespri yo.

24 Epi ankò, kèk moun resevwa don pou yo pale an ^alang;

25 Epi yon lòt moun resevwa don entèpretasyon lang.

26 Epi tout ^adon sa yo soti nan Bondye, pou benefis ^bpitit Bondye yo.

27 Epi ^aevèk legliz la, ak lòt moun Bondye pral lonmen epi li pral òdone pou voye je sou legliz la, epi pou vin ansyen nan legliz la, yo pral resevwa kapasite pou ^bdistenge tout don sa yo pou pèsonn moun nan pami nou

pa gen pretansyon san yo pa soti nan Bondye.

28 Epi se pral konsa yon moun ki mande selon ^aLespri, l ap resevwa selon Lespri;

29 Pou kèk moun kapab resevwa tout don sa yo, pou kapab gen yon chèf, pou chak manm kapab benefisyè.

30 Yon moun ki ^amande selon ^bLespri a, li mande dapre ^cvolonte Bondye; se poutèt sa, sa fèt jan l mande a.

31 Epi ankò, m di nou, tout bagay dwe fèt nan non Kris la, nenpòt sa n ap fè nan Lespri a;

32 Epi nou dwe bay Bondye ^aremèsiman nan Lespri a pou nenpòt benediksyon li ba nou.

33 Epi nou dwe pratike ^avèti ak ^bsentete devan mwen tout tan. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 47

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland, Ohio, nan dat 8 Mas 1831. John Whitmer, ki te deja ap sèvi kòm grefye pou Pwofèt la, toudabò te ezite lè yo te mande l pou l te sèvi kòm istoryen ak sekretè, pou l te ranplase Oliver Cowdery. Li te ekri: “M ta prefere pa aksepte men pou volonte Senyè a ka fèt, epi si se sa l vle, m ta renmen pou l ta manifeste l atravè Joseph Vwayan an.” Lè Joseph Smith te resevwa revelasyon sa a, John Whitmer te aksepte epi li te sèvi nan ofis yo te aple l la.

1–4, Yo chwazi John Whitmer pou l redije istwa Legliz la epi pou l ekri pou Pwofèt la.

GADE, li nesesè pou mwen pou sèvitè m nan, John ekri epi pou l redije yon ^arapò regilye, epi pou

20a GE Geri, gerizon.

21a GE Mirak.

22a GE Pwofesi, pwofetize.

23a Moyiz 1:13–15.

24a GE Lang yo, don.

26a Mowo. 10:8–19.

b GE Pitit gason ak

pitit fi Bondye.

27a GE Evèk.

b GE Disenman, Don.

28a D&A 88:64–65.

30a D&A 50:29.

b GE Sentespri.

c 2 Ne. 4:35.

32a 1 Kwo. 16:8–15;

1 Tes. 1:2;

Alma 37:37;

D&A 59:7, 21.

GE Rekonesan, remèsiman.

33a GE Vèti.

b GE Sentete.

47 1a D&A 69:2–8; 85:1–2.

l ede w, sèvitè m nan, Joseph, pou l transkri tout bagay ou resevwa yo, jistan li resevwa apèl pou lòt okipasyon yo.

2 Ankò, an verite m di ou, li kapab leve vwa li nan reyinyon yo tou, nenpòt kote sa nesesè.

3 Epi ankò, m di ou, l ap rese-

vwa responsablite pou l kenbe rejis ak istwa legliz la tout tan; paske, m lonmen Oliver Cowdery nan yon lòt ofis.

4 Se poutèt sa, “konsolatè a ap enspire l, toutotan li fidèl, pou l ekri bagay sa yo. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 48

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland, Ohio, 10 Mas 1831. Pwofèt la te mande Senyè a ki kalite aranjman pou yo fè pou yo kapab gen tè pou Sen yo tabli. Se te yon sijè enpòtan an rapò ak deplasman manm Legliz yo soti nan lès Etazini, pou ale rasanble nan Ohio lè y ap obeyi ak kòmandman Senyè a (gade nan seksyon 37:1–3; 45:64).

1–3, *Sen nan Ohio yo dwe pataje tè yo avèk frè yo; 4–6, Sen yo dwe achte tè, bati yon vil, epi suiv konsèy ofisyèl k ap prezide yo.*

Li nesesè pou kounyeya nou ta rete kote nou abite a, toutotan li apropriye ak sityasyon nou.

2 Epi toutotan nou gen tè, nou dwe “pataje avèk frè ki soti nan lès yo;

3 Epi lè nou pa gen tè, kite yo achte nan rejyon alantou yo, pou kounyeya jan yo vle, paske li nesesè pou yo gen kote pou yo viv pou kounyeya.

4 Li nesesè pou nou ekonomize tout lajan nou kapab, epi pou nou jwenn tout sa nou kapab

nan lajistis, pou lè tan an rive nou kapab ^aachte tè pou yon eritaj, ^bmenm yon vil.

5 Kote a poko ap revele; men, apre frè nou yo vin soti nan lès la, “kèk moun pral lonmen, epi moun sa yo pral ^bkonnen kote a, oubyen m ap revele yo li.

6 Epi y ap lonmen pou yo achte tè yo, epi pou yo fè yon kòmansman pou poze fondasyon ^avil la; epi apre sa nou pral kòmanse rasanble avèk fanmi nou, chak gason dapre ^bfanmi l, dapre sityasyon li, dapre jan prezidans ak evèk legliz la lonmen l, dapre lalwa ak kòmandman nou resevwa, ak sa nou pral resevwa apre. Se konsa sa ye. Amèn.

4a GE Konsolatè;
Sentespri.

48 2a GE Antrèd.

4a D&A 57:4–5.

b D&A 42:35–36;
45:65–67.

5a D&A 57:6–8.

b D&A 57:1–3.

6a GE Nouvo Jerizalèm.
b D&A 51:3.

SEKSYON 49

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou Sidney Rigdon, Parley P. Pratt, ak Leman Copley, nan Kirtland, Ohio, 7 Me 1831. Leman Copley te anbrase levanjil la, men, li te toujou kenbe kèk nan ansèyman Shakers yo (United Society of Believers in Christ's Second Appearing [Sosyete Kwayan Inifye nan Dezyèm Aparisyon Kris la]), gwoup kote li te manm anvan an. Kèk nan kwayans Shakers yo fè konnen dezyèm Vini Kris la te deja fèt epi l te parèt sou fòm yon fanm, Ann Lee. Batèm nan dlo pa t konsidere kòm esansyèl. Yo te rejte maryaj epi yo te kwè nan yon lavi selibatè total. Kèk nan Shakers yo te entèdi pou manje vyann tou. Nan prefas revelasyon sa a, istwa Joseph Smith rapòte: "Pou m te kapab genyen [yon] konpreyansyon ki pi pafè sou sijè a, m te mande Senyè a epi m te resevwa bagay sa a." Revelasyon an kontredi kèk nan kwayans prensipal gwoup Shakers la. Frè ki te site pi wo yo te pran yon kopi revelasyon an pote nan kominote Shakers yo (pre Cleveland, Ohio) epi yo te li l annantye ba yo, men yo te rejte l.

1-7, Moun p ap konnen jou ak lè aparisyon Kris la jistan L vini; 8-14, Lèzòm dwe repanti, kwè nan levanjil la, epi obeyi òdonans yo pou yo gen sali; 15-16, Se Bondye ki òdone maryaj; 17-21, Bondye apwouve pou moun manje vyann; 22-28, Siyon pral pwospere epi Lamanit yo pral fleri tankou yon flè woz anvan Dezyèm Aparisyon an.

KOUTE pawòl mwen, sèvitè m yo, Sidney, ak Parley, ak Leman; paske gade, an verite, m di nou, m ba nou yon kòmandman pou nou ale "preche levanjil mwen an nou te resevwa a bay Shakers yo jan nou te resevwa l la.

2 Gade, m di nou, yo vle konnen yon pati nan verite a, men, yo pa vle konnen tout, paske yo pa "jis devan mwen epi yo dwe repanti.

3 Se poutèt sa, m voye nou, sèvitè m yo, Sidney ak Parley, pou preche yo levanjil la.

4 Epi sèvitè m nan Leman dwe òdone pou travay sa a, pou l kapab rezone avèk yo, non pa dapre sa li te resevwa nan men yo, men, dapre sa nou pral "ansenye l, sèvitè m yo; epi si l fè sa m ap beni l, san sa li p ap pwospere.

5 Se sa Senyè a di; paske m se Bondye, epi m te "voye Sèl Pitit Gason Literal mwen an nan mond lan pou ^bredanmsyon mond lan, epi m te dekrete pou fè konnen yon moun ki resevwa l l ap sove, epi yon moun ki pa resevwa l l ap 'dane—

6 Epi yo te aji menm avèk "Pitit Gason Lòm nan jan yo te vle; epi li te pran pouvwa a bò kote

49 1a GE Preche.

2a Tra. 8:21.

4a GE Levanjil;
Verite.

5a Jan 3:16-17;

D&A 132:24.

GE Jezikri—Otorite.

b GE Redanmtè;
Redanmtè,
restablisman,

redanmsyon.

c GE Danasyon, dane.

6a GE Pitit gason
lòm nan.

^bdwat 'laglwa li a, epi kounyeya l ap renye jistan l desann sou tè a pou l mete tout ènmi li yo ^aanba pye l, nan yon tan ki pa lwen—

7 Mwen, Senyè Bondye a te di sa; men, pèsonn pa konnen lè a ak "jou a, ni zanj yo ki nan syèl la, ni tou yo p ap konnen jistan l vini.

8 Se poutèt sa, m vle pou tout moun repanti, paske tout moun ^aanba peche, eksepte sa m te rezève pou mwen yo, moun nou pa konnen men ki ^bsen yo.

9 Se poutèt sa, m di nou, m voye ^aalyans etènèl mwen an ba nou, menm sa ki te la depi nan kòmansman an.

10 Epi sa m te pwomèt la, mwen akonpli l, epi ^anasyon yo ki sou tè a pral ^bbese devan l; epi si yo pa fè l pou tèt pa yo, yo pral rabese, paske sa ki leve tèt li kounyeya pral desann ^cba pa fòs.

11 Se poutèt sa, m ba nou yon kòmandman pou nou ^aale pami pèp sa a, epi pou nou di yo, menm jan avèk ansyen apot mwen an, ki te rele, Pyè a:

12 Kwè nan non Senyè a Jezi, ki te sou tè a, epi ki dwe vini an, kòmansman an ak finisman an;

13 ^aRepanti epi batize nan non Jezikri, daprè kòmandman sen an, pou padon peche;

14 Epi nenpòt moun ki fè sa, l ap resevwa ^adon Sentespri a, pa mwayen enpozisyon ^bmen ansyen yo ki nan legliz la.

15 Epi ankò, an verite m di nou, nenpòt moun ki ^adefann moun marye, se pa Bondye ki òdone l, paske se Bondye ki òdone ^bmaryaj pou lòm.

16 Se poutèt sa, li legal pou lòm gen yon ^amadanm, epi yo de a dwe tounen yon ^bsèl kò, epi tout sa dwe fèt pou ^ctè a kapab reyalize objektif kreyasyon li;

17 Epi pou l kapab ranpli valè moun, daprè jan l te ^akreye ^banvan mond lan te fèt.

18 Epi nenpòt moun ki ^adefann ^bvyanm, pou moun sa pa manje l, se pa Bondye ki òdone l;

19 Paske, gade, ^abèt ki nan chan ak zwazo yo ki anlè a, ak sa ki soti nan tè a, te prepare pou itilite lòm pou manje l ak rad li, pou l kapab genyen an abondans.

20 Men, yon moun pa dwe ^aposede plis pase yon lòt moun, se poutèt sa ^bmond lan kouche nan peche.

6^b Tra. 7:55-56;
D&A 76:20-23.

c GE Jezikri—
Glwa Jezikri.

d 1 Kor. 15:25;
D&A 76:61.

7a Mat. 24:36;
Mak 13:32-37;
Apok. 16:15;
D&A 133:11.

8a Gal. 3:22;
Mozya 16:3-5.

b Ebre 13:2;
3 Ne. 28:25-29.

9a Jen. 17:7;
D&A 66:2.

GE Nouvo alyans
etènèl.

10a Zak. 2:11;
D&A 45:66-69;
97:18-21.

b Eza. 60:14.

c Mat. 23:12.

11a GE Travay misyonè.

13a 3 Ne. 27:19-20.

14a GE Don Sentespri.

b GE Men, Enpozisyon.

15a 1 Tim. 4:1-3.

b Jen. 2:18, 24;

1 Kor. 11:11.

GE Maryaj, marye.

16a Jakòb 2:27-30.

b Jen. 2:24;

Mat. 19:5-6.

c GE Tè—Te kreye
pou lèzòm.

17a Moyiz 3:4-5.

GE Kreyasyon, kreye.

b GE Lavi premòtèl.

18a svd kòmante

pou pa fè.

b Jen. 9:3;

1 Tim. 4:1-3.

19a D&A 89:10-13.

20a Tra. 4:32;

D&A 51:3; 70:14; 78:6.

b GE Mondanite.

21 Epi malè yon moun ki fè “koule san oubyen ki gaspiye vyann san neseseite.

22 Epi ankò, an verite m di nou konsa, Pitit Gason Lòm nan p ap “vini sou fòm yon fi, ni sou fòm yon gason k ap vwayaje sou tè a.

23 Se poutèt sa, pa kite moun “twonpe nou, men, kontinye rete tennfas, ^brete tann pou syèl la souke, epi pou tè a tranble epi pou l balanse pasi-pala tankou yon moun ki sou, epi pou “vale yo tounen mòn, epi pou “mòn yo vin plati, epi pou kote ki graj yo vin lis—epi tout sa lè zanj la sonnen “twonpèt li a.

24 Men, anvan gran jou Senyè a vini, “Jakòb pral pwospere nan

dezè a, epi Lamanit yo pral ^bfleri tankou yo flè woz.

25 Siyon pral “pwospere sou ^bkolin yo epi l pral rejwi sou mòn yo, epi l pral rasanble an-sanm nan kote m te tabli a.

26 Gade, m di nou, ale jan m te kòmande nou an; repanti pou tout peche nou yo; “mande epi n ap resevwa; frape epi y ap lou-vri pou nou.

27 Gade, m prale devan nou epi se mwen k ap “avangad nou; epi m ap nan ^bmitan nou epi yo p ap nan “konfizyon.

28 Gade, m se Jezikri, epi m ap “vini rapid rapid. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 50

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland, Ohio, 9 Me 1831. Istwa Joseph Smith la rapòte ke kèk nan ansyen yo pa t konprann manifestasyon diferan lespri yo ki gaye sou tè a, epi li te resevwa revelasyon sa a kòm repons demand li te fè konsènan sijè sa a. Swadizan fenomèn espiritiyèl te kouran pami manm yo; kèk nan manm yo te fè konnen yo te resevwa vizyon ak revelasyon.

1–5, Anpil fo lespri gaye sou tè a; 6–9, Malè pou ipokrit yo ak moun ki retranche nan Legliz la; 10–14, Ansyen yo dwe preche levanjil la avèk Lespri a; 15–22, Lespri a dwe klere ni predikatè yo ni moun k ap koute yo; 23–25, Yon bagay ki pa edifye moun pa soti nan Bondye;

26–28, Moun ki fidèl yo posede tout bagay; 29–36, Bondye reponn priyè moun ki pirifye yo; 37–46, Kris la se Bon Bèje a ak Wòch Izrayèl la.

KOUTE, O, ou menm ansyen yo ki nan legliz mwen an, epi tande vwa Bondye ki vivan an; epi

21a TJS Jen. 9:10–15
(Apendis).

22a GE Dezyèm
Vini Jezikri.

23a Mat. 24:4–5.
b 2 Pyè 3:12;
D&A 45:39.
c Eza. 40:4;

D&A 109:74.
d Miche 1:3–4.
e Mat. 24:29–31.
24a 3 Ne. 5:21–26.
b Eza. 35:1;
2 Ne. 30:5–6;
3 Ne. 21:22–25;
D&A 3:20; 109:65.

25a D&A 35:24.
b Jen. 49:26;
2 Ne. 12:2–3.
26a D&A 88:63.
27a Eza. 52:12.
b 3 Ne. 20:22.
c 1 Pyè 2:6; D&A 84:116.
28a D&A 1:12.

koute pawòl sajès nou pral resevwa yo, jan nou te mande a epi jan nou te mande konsènan legliz la, ak lespri yo ki mache gaye sou tè a.

2 Gade, an verite m di nou, gen anpil lespri ki se “fo lespri, ki ale sou tè a pou yo twonpe mond lan.

3 Epi tou “Satan ap chèche twonpe nou pou l kapab chavire nou.

4 Gade, mwen menm Senyè a, m te voye je sou nou, epi m wè abominasyon nan legliz la k ap “deklare non mwen an.

5 Men, moun ki fidèl yo epi ki “pèsevère jiska lafen beni, kit se nan lavi oubyen nan lanmò, paske y ap eritye lavi etènèl.

6 Men, malè pou moun ki “twonpe lòt epi ki ipokrit, paske, Senyè a di, m ap mennen yo nan jijman.

7 Gade, an verite m di nou, gen “ipokrit pami nou, ki te twonpe kèk moun, ki te bay ^badvèsè a ^cpouvwa; men, m pral devwale “moun sa yo;

8 Men, m pral detekte ipokrit yo epi m pral ^aretranche yo nan lavi oubyen nan lanmò, jan m vle; epi malè pou moun ki retranche nan legliz mwen an, paske mond lan gen pouvwa sou moun sa yo.

9 Se poutèt sa, se pou chak

moun pran prekosyon pou l pa fè sa ki pa nan verite ak lajistis devan mwen.

10 pa mwayen Lespri a, Senyè a di ansyen yo ki nan legliz la, vini kounyeya epi an nou “rezone ansanm, pou nou kapab konprann;

11 An nou rezone menm jan yon moun rezone youn avèk lòt fasafas.

12 Kounyeya, lè yon moun rezone, lòt moun konprann li, paske li rezone tankou yon moun; se menm jan an tou, mwen menm Senyè a, m ap rezone avèk nou pou nou kapab “konprann.

13 Se poutèt sa, mwen menm Senyè a, m poze nou kesyon sa a—poukisa yo te “òdone nou?

14 Pou nou preche levanjil mwen an avèk ^aLespri a, ^bKonsolatè a menm m te voye pou ansenye verite a.

15 Epi apre sa èske nou resevwa ^alespri nou pa te kapab konprann, epi nou resevwa yo kòm si yo soti nan Bondye; èske nou jistifye nan bagay sa a?

16 Gade, nou dwe reponn kesyon sa a pou tèt pa nou; men, m ap gen mizèrikòd pou nou; yon moun ki fèb pami nou apre sa, m ap fè l vin ^afò.

17 An verite m di nou, yon moun m òdone epi m voye ^apreche pawòl verite a pa lantremiz

50 2a D&A 129.
GE Lespri—
Move lespri.

3a Lik 22:31;
3 Ne. 18:18.

4a GE Jezikri—Pran non
Jezikri avèk nou.

5a GE Pèsevère.

6a GE Twonpe, twonpri.

7a Mat. 23:13–15;

Alma 34:28.

b GE Dyab.

c Mozya 27:8–9.

d svd sila yo ki
te tronpe.

8a D&A 1:14; 56:3; 64:35.
GE Ekskomunikasyon.

10a Eza. 1:18;
D&A 45:10.

12a D&A 1:24.

13a GE Òdinasyon, òdone.

14a D&A 43:15.

GE Ansenye,
enstriktè—Anseye
avèk Lespri a.

b GE Konsolatè.

15a GE Disènman, Don.

16a Etè 12:23–27.

17a GE Preche;

Travay misyonè.

Konsolatè a, nan Lespri verite a, èske l preche pa lantremiz ^bLespri verite a oubyen nan yon lòt fason?

18 Epi si se nan yon lòt fason, sa pa soti nan Bondye.

19 Epi ankò, yon moun ki resevwa pawòl verite a, èske l resevwa l pa lantremiz Lespri verite a oubyen nan yon lòt fason?

20 Si se nan yon lòt fason, sa pa soti nan Bondye.

21 Se poutèt sa, kòman nou fè pa kapab konprann ni konnen, yon moun ki resevwa pawòl la pa lantremiz Lespri verite a, moun sa a resevwa l jan Lespri verite a preche l?

22 Se poutèt sa, yon moun ki preche epi yon moun ki tande, youn dwe konprann lòt, epi yo tou de dwe ^aedifye epi yo dwe ^brejwi ansanm.

23 Epi yon bagay ki pa edifye moun, li pa soti nan Bondye, epi li se ^atenèb.

24 Yon bagay ki soti nan Bondye li se ^alimyè; epi yon moun ki resevwa limyè epi ki ^bkontinye nan Bondye, li resevwa ^cplis limyè; epi limyè sa a vin pi klere jistan l fè jou klè.

25 Epi ankò, an verite m di nou, nou kapab konnen ^averite a, pou nou kapab chase tenèb soti pami nou;

26 Yon moun Bondye òdone epi Bondye voye, moun sa a jwen apèl pou l vin pi ^agran pase tout lòt, menm lè li pi piti epi l se ^bsèvitè tout moun.

27 Se poutèt sa, li ^aposede tout bagay; paske tout bagay soumèt devan l, ni nan syèl la ni sou tè a, lavi a ak limyè a, Lespri a ak ^bpouvwa a volonte Papa a te voye pa mwayen Jezikri, Pitit Gason li a.

28 Men, pèsonn pa posede tout bagay eksepte si l ^apirifye epi si l ^blave anba tout peche.

29 Epi si nou pirifye epi nou lave anba tout peche, n ap ^amande nenpòt bagay nou vle nan non Jezi epi l ap fèt.

30 Men, aprann sa, n ap resevwa sa nou mande; epi lè nou aple pou n ^adirije, lespri yo ap soumèt devan nou.

31 Se poutèt sa, se pral konsa, si nou wè yon ^alespri manifeste nou pa kapab konprann, epi nou pa resevwa lespri sa a, nou dwe mande Papa a nan non Jezi; epi si l pa ba nou lespri sa a, lè sa a, nou kapab konnen li pa soti nan Bondye.

32 Epi n ap gen ^apouvwa sou lespri sa a; epi n ap pwoklame byen fò kont lespri sa a pou fè konnen li pa soti nan Bondye—

33 Non pa avèk yon ^aton

17b D&A 6:15.
GE Sentespri;
Verite.

22a 1 Kor. 14:26.
b Jan 4:36.

23a GE Tenèb, espiritiyèl.

24a 1 Jn. 2:8–11;
Mowo. 7:14–19;
D&A 84:45–47; 88:49.
GE Limyè, limyè Kris.
b Jan 15:4–5, 10.

c 2 Ne. 28:30.

25a Jan 8:32.

26a Mat. 23:11.

b Mak 10:42–45.

GE Sèvis.

27a D&A 76:5–10, 53–60;
84:34–41.

b GE Pouvw. a.

28a 3 Ne. 19:28–29;

D&A 88:74–75.

GE Pi, pite;

Sanktifikasyon.

b 1 Jn. 1:7–9.

29a Ela. 10:5;

D&A 46:30.

GE Priyè.

30a GE Otorite.

31a 1 Jn. 4:1.

GE Lespri—

Move lespri.

32a Mat. 10:1.

33a Jid 1:9.

akizasyon, pou yo pa gen pouvw sou nou, ni avèk ^blògèy, ni rejwisans, pou yo pa sezi nou.

34 Yon moun ki resevwa nan men Bondye, se pou l admèt sa soti nan Bondye; epi se pou l rejwi paske Bondye twouve l diy pou l resevwa.

35 Lè nou prete atansyon epi lè nou fè bagay sa yo nou te resevwa, epi nou pral resevwa lòt apre—epi Papa a ba nou ^awayòm nan, ak ^bpouvwa pou nou gen dwa sou tout bagay li pa òdone—

36 Epi gade, an verite, m di nou, noumenm k ap tandè pawòl sa yo ki pou mwen yo nan bouch sèvitè m nan, nou beni, paske peche nou yo ^apadone.

37 Se pou sèvitè m nan, Joseph Wakefield, ki fè m plezi a, ak sèvitè m nan, ^aParley P. Pratt ale pami legliz yo pou ranfòse yo avèk pawòl ^begzòtasyon;

38 Ak sèvitè m nan John Corrill, oubyen kantite pami sèvitè m yo amezi yo òdone nan ofis sa a, epi se pou yo travay nan ^ajaden m nan; epi okenn moun pa dwe anpeche yo fè sa m te anplwaye yo pou yo fè a—

39 Se poutèt sa, sèvitè m nan,

^aEdward Partridge pa jistifye nan bagay sa a; men, se pou l repanti epi l ap jwenn padon.

40 Gade, nou se timoun piti epi nou pa kapab ^asipòte tout bagay kounyeya; nou dwe ^bgrandi nan ^clagras ak nan konesans ^dverite a.

41 Pa gen ^alakrent, ^btimoun yo, paske nou pou mwen, epi m gen ^cpouvwa sou mond lan, epi nou nan pami moun Papa m te ^dban mwen yo;

42 Epi pa gen youn nan moun Papa m te ban mwen yo k ap ^apèdi.

43 Epi mwen menm ak Papa a nou se ^ayoun. M nan Papa a epi Papa a nan mwen; epi toutotan nou resevwa m, nou nan mwen epi m nan nou.

44 Se poutèt sa, m nan mitan nou, epi m se ^abon bèje a, ak ^bwòch Izrayèl la. Yon moun ki bati sou ^cwòk sa a li p ap ^djanm tonbe.

45 Epi jou a pral vini pou nou tandè vwa m epi pou nou ^awè m epi pou nou konnen m egziste.

46 Se poutèt sa, ^aveye pou nou kapab ^bpare. Se konsa sa ye. Amèn.

33b D&A 84:67, 73.

35a GE Wayòm
Bondye oubyen
wayòm syèl la.

b 1 Jn. 4:4;
D&A 63:20, 47.

36a D&A 58:42-43.
GE Padon.

37a GE Pratt, Parley
Parker.

b D&A 97:3-5.

38a GE Jaden Senyè a.

39a GE Partridge, Edward.

40a 3 Ne. 17:2-3;
D&A 78:17-18.

b 1 Kor. 3:2-3;
D&A 19:22-23.

c GE Gras.
d GE Verite.

41a 1 Jn. 4:18.
b GE Pitit gason ak
pitiit fi Bondye.

c Jan 16:33.
d Jan 10:27-29; 17:2;
3 Ne. 15:24;
D&A 27:14; 84:63.

42a Jan 17:12;
3 Ne. 27:30-31.

43a Jan 17:20-23;
3 Ne. 11:35-36.

GE Bondye, Divinite.

44a Jan 10:14-15.

GE Bon Bèje.

b Jen. 49:24;
1 Pyè 2:4-8.
GE Wòch-fondasyon.

c 1 Kor. 10:1-4.
GE Jezikri;
Wòch.

d Ela. 5:12.

45a D&A 67:10-13.

46a GE Santinèl, veye.
b Alma 34:32-33.

SEKSYON 51

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Thompson, Ohio, 20 Me 1831. Lè sa a, Sen yo ki t ap deplase soti nan eta lès yo te kòmanse rive nan Ohio, epi li te vin nesèsè pou fè aranjman definitif pou enstalasyon yo. Kòm aktivite sa a te patikilyèman responsablite ofis evèk la, Evèk Edward Partridge te chèche enstriksyon sou sijè a, epi Pwofèt la te mande Senyè a.

1-8, Yo lonmen Edward Partridge pou regilarize entandans ak pwopriyete yo; 9-12, Sen yo dwe fè tranzaksyon ki onèt epi moun dwe trete yo menm jan an; 13-15, Yo dwe gen yon magazen evèk epi yo dwe òganize pwopriyete yo dapre lalwa Senyè a; 16-20, Ohio dwe tounen yon kote pou rasanbleman tanporè.

SENYÈ Bondye w la di, koutem, epi m ap pale avèk sèvitè m nan, "Edward Partridge, epi m ap ba li direksyon; paske li dwe resevwa direksyon pou l konnen kòman pou l òganize pèp sa a.

2 Paske se nesèsè pou yo òganize dapre "lalwa mwen yo; si se pa sa, y ap retranche.

3 Se poutèt sa, se pou sèvitè m nan, Edward Partridge, ak lòt m te chwazi yo, sa ki fè m plezi yo, akòde pèp sa a pòsyon pa yo, chak moun "egalego dapre fanmi l, dapre sitiyasyon li ak dezi l ak ^bbezwen l.

4 Epi se pou sèvitè m nan, Edward Partridge, lè l akòde

yon moun pòsyon pa l, ba li yon papye pou pwoteje pòsyon sa a pou li, pou l kapab kenbe l, sa vle di dwa sa a ak eritaj sa a nan legliz la, jistan li transgrese epi vwa legliz la pa twouve l diy, dapre lalwa ak "alyans legliz la, pou l manm legliz la.

5 Si l transgrese epi li pa diy pou l manm legliz la, li p ap gen pouvwa pou l reklame pòsyon sa evèk la te konsakre pou pòv yo ak moun ki nan bezwen yo ki nan legliz la, se poutèt sa, li p ap kapab konsève don an, men, l ap sèlman kapab reklame pòsyon yo kite pou li a.

6 Epi konsa, tout bagay an sekirite, "dapre ^blwa peyi a.

7 Epi se pou sa ki pou pèp sa a konsakre pou pèp sa a.

8 Epi "lajan ki rete pou pèp sa a—se pou gen yon jeran konsakre pou pèp sa a, pou l pran ^blajan an, pou l kapab achte manje ak rad dapre bezwen pèp sa a.

9 Epi se pou chak moun fè aksyon "onèt, pou yo menm jan pami pèp sa a, pou yo resevwa

51 1a GE Partridge, Edward.

2a D&A 42:30-39; 105:5.

GE Konsakre, lwa konsekrasyon.

3a D&A 49:20.

b Tra. 2:44-45; 4 Ne. 1:2-3.

4a svd seksyon 20 an rele Atik ak Alyans Legliz Kris la. D&A 33:14; 42:13. GE Alyans.

6a 1 Pyè 2:13; D&A 98:5-7.

b D&A 58:21-22.

8a D&A 84:104.

b D&A 104:15-18.

9a GE Onèt, onètete.

menm bagay, pou nou kapab tounen ^byoun, jan m te kòmande nou an.

10 Epi yo pa dwe pran sa ki pou pèp sa a pou yo bay yon ^alòt legliz li.

11 Se poutèt sa, si yon lòt legliz resevwa lajan nan men legliz sa a, se pou yo peye legliz la dapre antant yo fè;

12 Epi sa dwe fèt pa lantremiz evèk la oubyen jeran an, ^vwa legliz la pral lonmen an.

13 Epi ankò, se pou evèk la tabli yon ^amagazen pou legliz sa a; epi se pou tout bagay ni lajan ni manje ki plis pase sa pèp la ^bbezwen ale nan men evèk la.

14 Epi se pou l rezève tou pou bezwen pa l, ak bezwen fanmi l, jan yo anplwaye l pou l fè travay sa a.

15 Epi konsa, m bay pèp sa a

yon privilèj pou l òganize tèt li dapre ^alwa m yo.

16 Epi m konsakre ^atè sa a pou yo pou yon ti sezon, jistan mwen menm Senyè a, m pran swen yo yon lòt jan, epi jistan m kòmande yo pou yo kite kote sa a;

17 Epi m pa ba yo ni lè ni jou, se poutèt sa, se pou yo viv sou tè sa a kòm si se te pou plizyè lane, epi sa ap vire pou byen yo.

18 Gade, sa ap yon ^aegzanp pou sèvitè m nan, Edward Partridge, nan lòt kote yo, nan tout legliz yo.

19 Epi nenpòt moun ki se yon responsab fidèl, ki jis epi ki ^asaj ap antre nan ^blajwa Senyè li a, epi l ap eritye lavi etènèl.

20 Toutbon, m di nou, m se Jezikri, k ap vini ^arapidrapid, nan ^blè nou pa panse. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 52

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou ansyen yo ki nan Legliz la, nan Kirtland, Ohio, 6 Jen 1831. Yon konferans te fèt nan Kirtland, ki te kòmanse 3 epi ki te fini 6 Jen. Nan konferans sa a premye òdinasyon ofisyèl nan ofis gran prèt la te fèt, yo te dekouvri manifestasyon kèk fo lespri ki t ap dese vwa moun yo epi yo te chase yo.

1–2, Konferans apre a te gen pou l fèt nan Missouri; 3–8, Kèk ansyen te chwazi pou yo kapab vwayaje ansanm; 9–11, Ansyen yo dwe ansenye sa apot yo ak pwofèt yo te ekri; 12–21, Moun Lespri a klere,

yo pote fwi louwanj ak lasajès; 22–44, Anpil ansyen te chwazi pou y ale preche levanjil la pandan y ap vwayaje ale nan Missouri pou konferans la.

9b D&A 38:27.

GE Inite.

10a svd yon lòt banch Legliz la, pa yon lòt denominasyon.

12a GE Konsantman jeneral.

13a D&A 42:55.

GE Magazen.

b D&A 42:33–34, 55; 82:17–19.

15a D&A 51:2.

16a svd zòn Kirtland, Ohio.

18a svd yon modèl.

19a Mat. 24:45–47.

GE Entandan, entandans.

b GE Jwa.

20a Apok. 22:6–16.

b Mat. 24:44.

GADE, men sa Senyè a te di anyen li te "aple epi li te chwazi yo, avèk vwa Lespri l—

2 Li di: Mwen menm Senyè a, m ap fè nou konnen sa m vle nou fè depi kounyeya jouk lè konferans apre a, ki pral fèt nan Missouri, sou "tè m pral ^bkonsakre pou pèp mwen an, ki se yon "rès Jakòb, ak sa ki eritye yo dapre ^dalyans la.

3 Se poutèt sa, an verite m di nou, se pou sèvitè m yo Joseph Smith, pitit la, ak Sidney Rigdon fè yon vwayaj sito preparasyon kapab fèt pou yo kite kay yo, epi pou yo vwayaje ale nan peyi Missouri a.

4 Epi toutotan yo fidèl nan mwen, m ap fè yo konnen kisa yo dwe fè;

5 Epi toutotan yo fidèl, m ap fè yo konnen "tè eritaj yo a tou.

6 Epi si yo pa fidèl, m ap re-tranche yo, jan m vle, jan sa fè m plezi.

7 Epi ankò, an verite m di nou, se pou sèvitè m nan, Lyman Wight ak sèvitè m nan, John Corroll fè yon vwayaj rapid rapid;

8 Epi tou se pou sèvitè nan John Murdock, ak sèvitè m nan, Hyrum Smith, fè yon vwayaj ale menm kote a, men se nan chemen Detroit pou yo posse.

9 Epi se pou yo vwayaje nan kote sa a, pou yo preche pawòl

la pandan yo sou wout la, pou yo pa di "okenn lòt pawòl eksepte sa ^bpwofèt yo ak apot yo te ekri yo, epi sa "Konsolatè a anseye yo pa mwayen priyè ki fèt avèk lafwa.

10 Se pou y ale "de moun an-sanm, epi konsa se pou yo preche sou wout la nan chak asanble, batize moun nan ^bdlo, epi fè enpozisyon "men bò kote dlo a.

11 Paske, Senyè a di, m ap wete sou "lajistis ki nan travay mwen an, paske jou yo rive pou m voye jijman nan viktwa.

12 Epi se pou sèvitè m nan, Lyman Wight fè atansyon, paske Satan vle "vannen l tankou pay.

13 Epi gade, yon moun ki "fidèl, m ap fè l dirijan sou anpil bagay.

14 Epi ankò, m ap ba nou yon modèl nan tout bagay, pou nou pa egare; paske Satan tout kote sou tè epi l ale pou l twonpe nasyon yo.

15 Se poutèt sa, yon moun k ap priye, ki gen lespri "kontri, moun sa a m ^baksepte l si l obeyi "òdonans mwen yo.

16 Yon moun k ap pale, ki gen lespri kontri, ki gen langaj dou epi ki edifye moun, moun sa a se moun Bondye si l obeyi òdonans mwen yo.

17 Epi ankò, moun ki tranble

52 1a GE Aple, Bondye te aple, apèl.

2a D&A 57:1-3.

b D&A 58:57; 84:3-4.

c Sòm 135:4;

3 Ne. 5:21-26.

d Abr. 2:6-11.

GE Alyans Abraram.

5a D&A 57:1-3.

9a Mozya 18:19-20.

b D&A 42:12; 52:36.

GE Ekriti yo.

c GE Ansenye, enstriktè—Anseye avèk Lespri a;

Konsolatè;

Sentespri.

10a Mak 6:7;

D&A 61:35.

b Jan 1:26.

c Tra. 8:14-17.

11a Wom. 9:28.

12a Lik 22:31;

3 Ne. 18:17-18.

13a Mat. 25:23;

D&A 132:53.

15a GE Kè brize.

b D&A 97:8.

c GE Òdonans yo.

anba pouvwa m, m ap fè l ^afò, epi l ap pote fwi louwanj ak ^blasajès, dapre revelasyon ak verite m te ba nou yo.

18 Epi ankò, moun ki gen vik-twa sou li epi ki pa ^apote fwi, menm dapre modèl sa a, li pa moun pa m.

19 Se poutèt sa, avèk modèl sa a n ap ^adisène lespri yo nan tout sityasyon tout kote.

20 Epi jou yo rive; dapre lafwa lèzòm sa ap ^afèt pou yo.

21 Gade, m bay kòmandman sa a pou tout ansyen m chwazi yo.

22 Epi ankò, an verite m di ou, se pou sèvitè m nan ^aThomas B. Marsh ak sèvitè m nan Ezra Thayre fè yon vwayaj tou, pou yo preche pawòl la pandan yo sou wout pou y ale nan menm peyi a.

23 Epi ankò, se pou sèvitè m nan Isaac Morley ak sèvitè m nan Ezra Booth fè yon vwayaj tou, pou yo preche pawòl la pandan yo sou wout pou ale nan menm peyi a.

24 Epi ankò, se pou sèvitè m yo ^aEdward Partridge ak Martin fè yon vwayaj avèk sèvitè m yo Sidney Rigdon ak Joseph Smith, pitit la.

25 Se pou sèvitè m yo David Whitmer ak Harvey Whitlock fè yon vwayaj tou, pou yo preche pandan yo sou wout pou ale nan menm peyi a.

26 Se pou sèvitè m yo ^aParley P. Pratt ak ^bOrson Pratt fè

yon vwayaj, epi pou yo preche pandan yo sou wout pou ale nan menm peyi a.

27 Epi se pou sèvitè m yo Solomon Hancock ak Simeon Carter fè yon vwayaj nan menm peyi a tou, epi pou yo preche sou wout la.

28 Se pou sèvitè m yo Edson Fuller ak Jacob Scott fè yon vwayaj tou.

29 Se pou sèvitè m yo Levi W. Hancock ak Zebedee Coltrin fè yon vwayaj tou.

30 Se pou sèvitè m yo Reynolds Cahoon ak Samuel H. Smith fè yon vwayaj tou.

31 Se pou sèvitè m yo Wheeler Baldwin ak William Carter fè yon vwayaj tou.

32 Epi se pou sèvitè m yo ^aNewel Knight ak Selah J. Griffin òdone, epi pou yo fè yon vwayaj tou.

33 Wi an verite m di, se pou tout moun sa yo fè yon vwayaj ale nan menm kote a, yo chak sou wout pa yo, epi pèsonn pa dwe bati sou fondasyon yon ^alèt, ni vwayaje sou chemen yon lèt.

34 Yon moun ki fidèl, moun sa ap pwoteje epi l ap beni avèk anpil ^afwi.

35 Epi ankò, m di ou konsa, se pou sèvitè m yo, Joseph Wakefield ak Solomon Humphrey fè yon vwayaj ale nan zòn lès yo;

36 Se pou yo travay avèk fanmi yo, pou yo pa ^adeklare okenn lèt

17a D&A 66:8; 133:58.

b GE Sajès.

18a Mat. 3:10.

19a GE Disènman, Don.

20a Mat. 8:5–13.

22a D&A 56:5.

GE Marsh, Thomas B.

24a GE Partridge, Edward.

26a GE Pratt, Parley Parker.

b GE Pratt, Orson.

32a D&A 56:6–7.

33a Wom. 15:20.

34a Jan 15:16;

D&A 18:15–16.

36a Mozya 18:19–20;

D&A 52:9.

bagay eksepte pwofèt yo ak apot yo, bagay yo te ^bwè ak tandè epi yo te asireman ^ckwè, pou pwofesi yo kapab akonpli.

37 Kòm konsekans poutèt transgresyon, se pou yo ^apran sa yo te akòde Heman Basset nan men l, epi pou yo mete l sou tèt Simonds Ryder.

38 Epi ankò, toutbon m di ou, se pou Jared Carter ^aòdone kòm prèt, epi se pou George James òdone kòm ^bprèt tou.

39 Se pou rès ansyen yo ^avoye je sou legliz yo, epi pou yo deklare pawòl la nan rejyon alantou yo; epi se pou yo travay avèk pwòp men pa yo pou moun pa pratike ^bidolatri ak mechanste.

40 Epi sonje ^apòv yo ak moun ki nan ^bbezwen yo nan tout bagay, moun ki malad ak moun ki aflije, paske yon moun ki pa fè

bagay sa yo, moun sa pa disip mwen.

41 Epi ankò, se pou sèvitè m yo, Joseph Smith, pitit la, ak Sidney Rigdon ak Edward Partridge pran yon ^arekòmmandasyon nan men legliz la pou yo pote avèk yo. Epi se pou sèvitè m nan, Oliver Cowdery jwenn youn tou.

42 Epi konsa, jan m te di a, si nou fidèl, n ap rasanble tèt nou ansanm pou nou rejwi sou tè ^aMissouri a, ki se ^btè eritaj nou a, ki nan men ènmi nou yo kounyeya.

43 Men, gade, mwen menm Senyè a, m ap prese bati vil la nan tan l, epi m ap kouwone fidèl yo avèk ^alajwa epi avèk rejwisans.

44 Gade, m se Jezikri, Pitit Gason Bondye a, epi m ap ^aleve yo nan dènye jou a. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 53

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resewa pou Algernon Sidney Gilbert, nan Kirtland, Ohio, 8 Jen 1831. Sou demand Sidney Gilbert, Pwofèt la te mande Senyè a ki travay ak apèl Frè Gilbert nan Legliz la.

1–3, Apèl ak eleksyon Sidney Gilbert nan Legliz la se pou l òdone kòm yon ansyen; 4–7, Li òdone sèvi kòm yon jeran evèk tou.

GADE, m di ou, sèvitè m nan, Sidney Gilbert, m te tandè priyè ou

yo; epi ou te priye m pou Senyè Bondye ou la kapab fè ou konnen apèl ou ak ^aeleksyon ou nan legliz mwen menm Senyè Bondye m te leve nan dènye jou yo.

2 Gade, mwen menm Senyè a ki te ^akrisifye pou peche mond

36b Jan 3:11.

c GE Kwayans, kwè.

37a Mat. 25:25–30.

38a D&A 79:1.

b GE Prèt, prèttriz
Aawon.

39a Alma 6:1.

b GE Idolatri.

40a D&A 104:15–18.

GE Pòv.

b GE Antrèd.

41a D&A 20:64.

42a GE Siyon.

b D&A 25:2; 57:1–3.

43a GE Jwa.

44a D&A 88:96–98.

53 1a GE Apèl ak eleksyon;
Eleksyon;
Eli.

2a GE Krisifiksyon.

lan, m ba ou yon kòmandman pou w ^babandone mond lan.

3 Pran òdinasyon m nan sou ou, menm òdinasyon kòm yon ansyen an, pou ou preche lafwa ak repantans ak “padon pou peche, dapre pawòl mwen, ak resepsyon Sentespri a anba enpozisyon ^bmen;

4 Epi tou pou ou kapab yon “jeran pou legliz sa a nan kote evèk la tabli, dapre kòmandman m pral bay apre sa.

5 Epi ankò, toutbon m di ou, ou dwe fè yon vwayaj avèk sèvitè m yo Joseph Smith, pitit la, ak Sidney Rigdon.

6 Gade, sa yo se premye òdonans ou pral resevwa; epi m pral fè ou konnen rès yo nan yon tan ki pral vini, dapre travay ou nan jaden m nan.

7 Epi ankò, m ta vle ou aprann, se sèlman yon moun ki “pèsevere jiska lafen ki sove. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 54

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou Newel Knight, nan Kirtland, Ohio, 10 Jen 1831. Manm legliz ki t ap viv nan Thompson, Ohio yo te divize sou kesyon konsènan konsekrasyon pwopriyete. Egoyis ak avaris te prezan. Apre misyon li bò kote Shakers yo (gade antèt seksyon 49 la), Lemman Copley te vyole alyans li te fè pou l konsakre gwo fèm li a kòm yon plas pou eritaj Sen ki t ap soti nan Colesville, New York yo. Kòm konsekans, Newel Knight (dirijan manm ki t ap viv nan Thompson yo) ak lòt ansyen te vini kote Pwofèt la pou yo mande kisa pou yo fè. Pwofèt la te mande Senyè a epi l te resevwa revelasyon sa a, ki kòmande manm ki nan Thompson yo pou yo kite fèm Lemman Copley a pou yo vwayaje al Missouri.

1–6, *Sen yo dwe respekte alyans levanjil la pou yo kapab jwenn mizèrikòd; 7–10, Yo dwe pasyan nan tribilasyon.*

GADE, Senyè a di konsa, “Alfa a ak Omega a menm, kòmansman an ak finisman an, moun ki te ^bkrisifye pou peche mond lan menm—

2 Gade, an verite, an verite,

m di ou, sèvitè m nan Newel Knight, ou dwe rete tennfas nan ofis m te chwazi w la.

3 Epi si frè w yo vle chape anba men ènmi yo, se pou yo repanti nan tout peche yo, epi pou yo vin gen “imilite epi kontri devan mwen.

4 Epi, kòm “alyans yo te fè avèk mwen an te vyole, se konsa tou li te vin ^banile epi san efè.

2b GE Mond;
Mondanite.

3a GE Remisyon peche yo.
b GE Men, Enpozisyon.

4a D&A 57:6, 8–10,

14–15; 84:113.

7a GE Pèsevere.

54 1a Apok. 1:8; D&A 19:1.
GE Alfa ak Omega.

b GE Krisifiksyon.

3a GE Enb, imilite.

4a D&A 42:30–39.

GE Konsakre, lwa
konsekrasyon.

b D&A 58:32–33.

5 Epi malè yon moun ki atire "ofans sa a, paske li pi bon pou l ta nwaye nan pwofondè lanmè a.

6 Men, moun ki respekte alyans la epi ki obsève kòmandman an, yo beni, paske y ap jwenn "mizèrikòd.

7 Se poutèt sa, ale kounyeya epi sove kite peyi a, pou zanmi ou yo pa tonbe sou ou; fè yon vwayaj epi lonmen moun ou vle kòm dirijan ou, epi ki pou peye lajan pou ou.

8 Epi konsa, ou dwe fè yon

vwayaj nan rejyon lwès, nan peyi "Missouri a, sou fwontye Lamanit yo.

9 Epi lè ou fin vwayaje, gade, m di ou, chèche fè "lavi ou tankou nenpòt moun, jistan m pare yon plas pou ou.

10 Epi ankò, gen "pasyans nan tribilasyon jistan m ^bvini; epi, gade, m ap vini rapid rapid, epi rekonpans mwen avèk mwen, epi moun ki "chèche m bonè, y ap jwenn "repo pou nanm yo. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 55

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou William W. Phelps, nan Kirtland, Ohio, 14 Jen 1831. William W. Phelps, yon enprimè, te fèk rive nan Kirtland ansanm ak fanmi l, epi Pwofèt la te chèche enfòmasyon konsènan li nan men Senyè a.

1-3, William W. Phelps te resevwa apèl epi yo chwazi l pou l batize, pou l òdone kòm ansyen, epi pou l preche levanjil la; 4, Li dwe ekri yon liv pou timoun yo ki nan lekòl Legliz la tou; 5-6, Li dwe vwayaje ale nan Missouri, ki se zòn travay li a.

GADE, Senyè a di ou, sèvitè m nan, William, wi, menm Senyè tout "tè a, ou aple epi ou chwazi; epi apre ou fin ^bbatize nan dlo, si ou fè sa sèlman pou laglwa mwen, w ap gen padon pou peche ou yo epi w ap resevwa Sentepri a anba enpozisyon "men;

2 Epi apre sa w ap òdone anba men sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, kòm yon ansyen nan legliz sa a, pou ou preche repantans ak "padon pou peche pa mwayen batèm nan non Jezikri, Pitit Gason Bondye vivan an.

3 Epi sou nenpòt moun ou enpoze men ou, si yo kontri devan mwen, w ap gen pouvwa pou ou ba yo Sentepri a.

4 Epi ankò, ou pral òdone pou ou ede sèvitè m nan, Oliver Cowdery pou ou fè travay enprime a, ak seleksyone epi ekri "liv pou lekòl nan legliz sa a, pou timoun piti kapab resevwa

5a Mat. 18:6-7.

6a GE Mizèrikòd.

8a D&A 52:42.

9a 1 Tes. 4:11.

10a GE Pasyans.

b Apok. 22:12.

GE Dezyèm

Vini Jezikri.

c Pwov. 8:17.

GE Priyè.

d Mat. 11:28-30.

GE Repo.

55 1a Det. 10:14; 1 Ne. 11:6;

2 Ne. 29:7.

b GE Batèm, batize.

c GE Men, Enpozisyon.

2a GE Remisyon peche yo.

4a D&A 88:118; 109:7, 14.

enstriksyon devan mwen jan sa fè m plezi.

5 Epi ankò, an verite m di ou, se pou rezon sa ou pral fè yon vwayaj avèk sèvitè m yo, Joseph Smith, pitit la, ak Sidney Rigdon,

pou ou kapab “plante nan peyi eritaj ou a pou ou fè travay sa a.

6 Epi ankò, se pou sèvitè m nan, Joseph Coe fè yon vwayaj avèk yo tou. M ap fè konnen rès la apre sa, jan m vle. Amèn.

SEKSYON 56

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland, Ohio, 15 Jen 1831. Revelasyon sa a reprimande Ezra Thayre paske li pa t obeyi yon premye revelasyon (“kòmandman” ki mansyone nan vèsè 8 la), ke Joseph Smith te resevwa pou li, ki te bay Thayre enstriksyon sou devwa li nan fèm Frederick G. Williams nan, kote l t ap viv. Revelasyon an anile apèl Thayre te resevwa pou l ta vwayaje al Missouri avèk Thomas B. Marsh la (gade nan seksyon 52:22).

1–2, *Sen yo dwe pran kwa yo epi suiv Senyè a pou yo kapab jwenn sali;* 3–13, *Senyè a kòmande epi l revoke, epi moun ki dezobeyisan yo retranche;* 14–17, *Malè pou moun rich ki pa vle ede moun pòv yo, epi malè pou moun pòv ki pa gen kè brize yo;* 18–20, *Moun pòv ki gen kè pwòp yo beni, paske yo pral eritye tè a.*

SENYÈ Bondye ou la di: Koute, O, pèp ki “deklare non mwen; paske gade, kòlè m limen kont moun ki rebèl yo, epi y ap konnen ponyèt mwen ak endiayasyon m, nan jou ^bvizit ak kòlè sou nasyon yo.

2 Epi yon moun ki pa pran “kwa l pou l ^bsuiv mwen, epi pou l respekte kòmandman m yo, li p ap sove.

3 Gade, mwen menm Senyè a, m kòmande; epi yon moun ki pa vle “obeyi, l ap ^bretranche nan tan pa mwen, apre m fin kòmande epi kòmandman nan vyole.

4 Senyè a di: Se poutèt sa, mwen menm Senyè a, m kòmande epi m “revoke, jan lide m di m; epi tout sa pral tonbe sou tèt moun ki ^brebèl yo.

5 Se poutèt sa, m revoke kòmandman m te bay sèvitè m yo, “Thomas B. Marsh ak Ezra Thayre, epi m bay sèvitè m nan, Thomas, yon nouvo kòmandman pou l vwayaje rapid rapid ale nan peyi Missouri a, epi sèvitè m nan Selah J. Griffin dwe ale avèk li.

6 Paske gade, m revoke kòmandman m te bay sèvitè m yo, Selah J. Griffin ak Newel Knight,

5a Amòs 9:15.
56 1a D&A 41:1.
b Eza. 10:3–4;
Mòm. 9:2;
D&A 1:13–14;
124:10.

2a Lik 14:27.
b 1 Pyè 2:21;
2 Ne. 31:10–13;
Mowo. 7:11.
GE Jezikri—
Egzanp Jezikri.

3a GE Obeyi, obeyisan,
obeyisans.
b D&A 1:14–16; 50:8.
4a D&A 58:31–33.
b GE Rebelyon.
5a GE Marsh, Thomas B.

kòm konsekans poutèt kou rèd pèp mwen an ki nan Thompson nan ak rebelyon yo.

7 Se poutèt sa, se pou sèvitè m nan, Newel Knight rete avèk yo; epi tout moun ki gen kè kontri devan mwen ki vle ale, yo mèt ale, pou l dirije yo nan peyi m te tabli a.

8 Epi ankò, anverite m di nou, sèvitè m nan, Ezra Thayre dwe repanti nan “lògèy li, ak egoyis li, epi pou l obeyi premye kòmandman m te ba li konsènan kote li abite a.

9 Epi si l fè sa, kòm p ap gen okenn divizyon ki pral fèt sou tè a, l ap toujou lonmen pou l ale nan peyi Missouri a;

10 Senyè Bondye tout Lame a yo di, si se pa sa l ap resevwa lajan l te peye a, l ap kite kote a epi l ap “retranche nan Legliz mwen an.

11 Epi menm si syèl la ak tè a pase, pawòl sa yo p ap “pase, men, y ap akonpli.

12 Epi si sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, dwe peye lajan an, gade, mwenmenm Senyè a, m ap peye l li ankò nan peyi Missouri a pou moun li resevwa lajan nan men yo a kapab rekonpanse ankò dapre sa yo fè;

13 Paskè y ap resevwa dapre sa yo fè, y ap menm resevwa tè pou eritaj yo.

14 Gade, Senyè a di pèp li a— nou gen anpil bagay pou nou fè ak anpil repantans pou nou fè; paske gade, peche nou yo te rive kote m, epi yo pa t padone, paske n t ap chèche bay tèt nou “konsèy.

15 Epi kè nou pa satisfè. Epi nou pa obeyi verite a, men, nou pran “plèzi nan enjistis.

16 Malè pou nou, moun “rich yo ki pa “bay moun “pòv yo nan byen yo, paske “richès nou yo pral wouye nanm nou; epi gade se ou nan jou vizit la, ak jijman an, ak endiyasyon, an nou pral plenyen: “Rekòt la pase, l ete a fini, epi nanm mwen pa sove!

17 Malè pou nou menm moun “ki pòv, ki pa gen kè brize, ki pa gen lespri kontri, epi vant nou pa satisfè, epi men nou pa sispann tonbe sou byen lòt moun, je nou chaje avèk “avaris, epi nou pa vle travay avèk pwòp men pa nou!

18 Men, moun ki “pòv ki gen kè pwòp yo, ki gen kè “brize yo, ki gen lespri kontri yo beni, paske y ap wè “wayòm Bondye a vini avèk pouvwa epi avèk gwo laglwa pou delivrans yo; paske grès “tè a pral pou yo.

19 Paskè gade, Senyè a pral vini, epi “rekonpans li avèk li, epi li pral rekonpanse chak moun, epi moun pòv yo pral rejwi;

8a GE Lògèy.

10a GE Ekskomunikasyon.

11a 2 Ne. 9:16.

14a Jakòb 4:10.

15a Alma 41:10;
3 Ne. 27:11.

16a Jer. 17:11;
2 Ne. 9:30.

b GE Fè lacharite,
lacharite.

c Pwov. 14:31;

Alma 5:55-56.

GE Pòv.

d Jak 5:3.

e Jer. 8:20;

Alma 34:33-35;

D&A 45:2.

17a Mozya 4:24-27;

D&A 42:42; 68:30-32.

b GE Konvwate.

18a Mat. 5:3, 8;

Lik 6:20; 3 Ne. 12:3.

GE Pòv.

b GE Kè brize.

c GE Wayòm
Bondye oubyen
wayòm syèl la.

d GE Tè.

19a Apok. 22:12;

D&A 1:10.

20 Epi jenerasyon moun pòv | jenerasyon, pou tout tan. Epi
yo pral "eritye tè a depi yon je- | kounyeya m fin pale avèk nou.
nerasyon jouk nan yon lòt | Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 57

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Siyon, Konte Jackson, Missouri, 20 Jiyè 1831. An akò avèk kòmandman Senyè a pou vwayaje al Missouri a, kote Li t ap revele "peyi eritaj ou a" (sek-syon 52), ansyen yo te vwayaje soti Ohio ale nan fwontyè lwès Mis-souri a. Joseph Smith te konstate eta Lamanit yo epi l t ap mande tèt li: "Kilè dezè a ap fleri tankou yon flè woz? Kilè Siyon ap bati nan la-glwa li, epi kikote tanp ou a pral kanpe, kote tout nasyon yo pral vini nan dènye jou yo?" Kòm konsekans, li te resevwa revelasyon sa a.

1–3, *Independence, Missouri, se plas pou Vil Siyon an ak tanp lan;*
4–7, *Sen yo dwe achte tè epi yo dwe resevwa eritaj nan zòn sa a;*
8–16, *Sidney Gilbert dwe tabli yon magazen, William W. Phelps dwe vin tounen yon enprimè, epi Oliver Cowdery dwe emprime mate-ryèl pou piblikasyon an.*

SENYÈ Bondye nou di, koute, O, noumenm ansyen yo ki nan legliz mwen an, ki rasanble tèt nou ansanm, dapre kòmandman m, nan peyi sa a, ki se peyi "Missouri a, ki se ^btè m te tabli epi m te ^ckonsakre pou ^drasanbleman Sen yo.

2 Se poutèt sa, se tè pwomès la, epi se ^aplas pou vil ^bSiyon an.

3 Epi Senyè Bondye nou an di, si nou vle resevwa lasajès, men

lasajès. Gade, kote ki rele Independence la kounyeya se pwen santral la; epi yon plas pou ^atanp la plase nan zòn lwès la, sou yon teren ki pa lwen tribinal la.

4 Se poutèt sa, li saj pou Sen yo ta ^aachte tè a, ak chak bout tè ki nan zòn lwès la, sa vle di nan liy ki pase dirèkteman ant ^bJuif yo ak Janti yo;

5 Epi tou ak tout bout tè ki separe preri yo, toutotan disip mwen yo kapab ^aachte tè. Gade li saj pou yo ^bgenyen li pou yon eritaj etènèl.

6 Epi se pou sèvitè m nan, Sidney Gilbert rete nan ofis m te lonmen l la, pou l resevwa lajan, pou l yon ^aajan pou legliz li, pou l achte tè nan tout rejyon alantou yo, toutotan sa kapab fèt nan la-jistis, epi jan lasajès dirije l.

20a Mat. 5:5;
D&A 45:56–58.

57 1a D&A 52:42.
b D&A 29:7–8;
45:64–66.
c D&A 61:17.
d GE Izrayèl—

Rasanbleman
Izrayèl la.

2a D&A 28:9; 42:9, 62.
b GE Siyon.
3a D&A 58:57; 97:15–17.
4a D&A 48:4.
b svd Juif nan ka sa

a vle di Lamanit
yo, epi Janti vle di
kolon blan yo.
5a D&A 58:49, 51;
101:68–74.
b D&A 56:20.
6a D&A 53.

7 Epi se pou sèvitè m nan "Edward Partridge rete nan ofis m te lonmen l la, pou l ^bdivize eritaj Sen yo ba yo jan m te kòmande a; epi tou moun m te lonmen pou ede l yo.

8 Epi ankò, an verite m di nou, se pou sèvitè m nan Sidney Gilbert tabli tèt li nan kote sa a, pou l tabli yon magazen, pou l vann machandiz san foub, pou l kapab jwenn lajan pou l achte tè pou Sen yo, epi pou kapab jwenn nenpòt bagay disip yo ta bezwen pou tabli yo nan eritaj yo a.

9 Epi tou se pou sèvitè m nan, Sidney Gilbert jwenn yon lisans—gade men lasajès epi nenpòt moun ki li l ap konprann—pou l kapab voye pwovizyon bay pèp la, pa lantrèmiz yon moun l ap chwazi kòm grefyè ki anplwaye nan sèvis li;

10 Epi konsa, pou pran swen Sen mwen yo, pou levanjil mwen an kapab preche pou moun ki chita nan "tenèb yo ak nan rejyon e ^blonbraj lanmò yo.

11 Epi ankò, an verite, m di nou, se pou sèvitè m nan, "William W. Phelps etabli tit li nan

kote sa a, epi pou l etabli kòm ^benprimè pou legliz la.

12 Epi gade, si mond lan resevwa sa l ap ekri yo—gade, men lasajès—se pou l jwenn nenpòt sa li kapab nan lajistis pou byen sen yo.

13 Epi se pou sèvitè m nan, "Oliver Cowdery ede l, jan m te kòmande a, nenpòt kote li anplwaye pou kopye, pou l korije, pou l seleksyone, pou tout bagay kapab byen devan mwen, jan Lespri a pwouve sa pa lantrèmiz Oliver.

14 Epi konsa, se pou moun m te pale yo etabli tèt yo nan peyi Siyon an, vit yo kapab, avèk fanmi yo, pou yo fè bagay sa yo jan m te pale a.

15 Epi kounyeya, konsènan rasanbleman an—Se pou evèk la ak ajan an fè preparasyon pou fanmi sa yo m te kòmande pou vini nan peyi sa a, pi vit posib, epi pou enstale yo nan eritaj yo a.

16 Epi ni rès ansyen yo ak rès manm legliz yo pral resevwa lòt oryantasyon pita. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 58

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Siyon, Konte Jackson, Missouri, 1e Out 1831. Anvan sa, nan premye jou Saba a apre Pwofèt la ak gwoup li a te fin rive nan Konte Jackson, Missouri, yo te fè yon sèvis relijye epi de manm te batize. Pandan semèn sa a, kèk nan Sen ki soti nan Colesville yo ak nan branch Thompson nan ak kèk lòt moun te rive (gade nan seksyon 54). Anpil moun te dispoze

7a D&A 58:24.
GE Partridge, Edward.
b D&A 41:9-11;
58:14-18.

10a Eza. 9:2;
Mat. 4:16.
GE Tenèb, espiritiyèl.
b Sòm 23:4.

11a GE Phelps, William W.
b D&A 58:37, 40-41.
13a GE Cowdery, Oliver.

pou yo aprann volonte Senyè a konsènan tèt pa yo nan nouvo plas rasanbleman an.

1–5, *Moun ki pèsevere nan tribilasyon ap kouwone avèk laglwa; 6–12, Sen yo dwe pare yo pou maryaj Ti Mouton an ak soupe Senyè a; 13–18, Evèk yo se jij nan Izrayèl; 19–23, Sen yo dwe obeyi laglwa peyi a; 24–29, Lèzòm ta dwe itilize lib abit yo pou yo fè byen; 30–33, Senyè a kòmande epi l revoke; 34–43, Pou yo repanti, lèzòm dwe konfese epi abandone peche yo; 44–58, Sen yo dwe achte eritaj yo epi rasanble nan Misouri; 59–65, Levanjil la dwe preche pou chak kreyati.*

KOUTE, O, noumenm ansyen yo ki nan legliz mwen an, epi tande pawòl mwen, epi aprann nan men mwen sa m vle konsènan nou, epi konsènan “tè sa a kote m te voye nou an.

2 Paske an verite, m di nou, yon moun ki “respekte kòmandman m yo, li beni, menm si se nan lavi oubyen nan ^blanmò; epi yon moun ki “fidèl nan ^atribilasyon, rekonpans li pi gran nan wayòm syèl la.

3 Pou kounye a, nou pa kapab wè avèk je natirèl nou yo, objektif “Bondye nou an konsènan bagay ki pral vini apre yo, ak ^blaglwa ki pral vini apre anpil tribilasyon.

4 Paske, apre anpil ^atribilasyon ^bbenediksyon vini. Se poutèt sa, jou a ap vini pou nou ^ckouwone avèk anpil ^dlaglwa; lè a pako rive, men, li tou pre.

5 Sonje bagay sa a m te di nou anvan an, pou nou kapab ^akenbe l nan kè nou, epi pou nou resevwa sa k ap vini apre a.

6 Gade, an verite m di nou, se pou rezon sa a m te voye nou—pou nou kapab obeyisan, epi pou kè nou kapab ^apare pou rann ^btemwayaj konsènan bagay ki pral rive yo;

7 Epi tou pou nou kapab onore lè nou nan poze fondasyon an, epi nan rann temwayaj konsènan tè kote “Siyon Bondye a pral kanpe a;

8 Epi tou pou nou pare yon fèt avèk manje gra pou ^apòv yo; wi, yon fèt avèk manje gra, avèk ^bdiven byen pare, pou tè a konnen bouch pwofèt yo p ap bay manti;

9 Wi, yon soupe nan kay Senyè a, ki byen pare, kote tout nasyon pral envite.

10 Premyèman, moun rich yo ak moun save yo, moun saj yo ak moun nòb yo;

11 Epi apre sa, jou pouvwa m nan ap vini; apre sa, pòv yo, ak andikape yo, ak avèg yo, ak soud yo pral vini nan “nòs Ti

58 1a D&A 57:1–8.

2a Mozya 2:22.

b 1 Pyè 4:6.

c 2 Tes. 1:4.

d GE Advèsite.

3a GE Bondye, Divinite.

b GE Glwa.

4a Sòm 30:5;

D&A 101:2–7;

103:11–14; 109:76.

b GE Benediksyon, beni.

c GE Egzaltasyon;

Kouwòn.

d Wom. 8:17–18;

D&A 136:31.

5a Det. 11:18–19.

6a D&A 29:8.

b GE Temwayaj.

7a GE Siyon.

8a GE Pòv.

b Eza. 25:6.

11a Mat. 22:1–14;

Apok. 19:9;

D&A 65:3.

Mouton an, pou yo manje nan ^bsoupe Senyè a ki te pare pou gran jou k ap vini an.

12 Gade, mwenmenm Senyè a m te di sa.

13 Epi pou ^atemwayaj la soti nan Siyon, wi, nan bouch vil eritaj Bondye a—

14 Wi, se pou rezon sa a m te voye w la, epi m te seleksyone sèvitè m nan, ^aEdward Partridge, epi m te tabli l nan misyon li a nan peyi sa a.

15 Men, si l pa repanti nan peche li yo, ki se enkredilite ak kè avèg, se pou l fè atansyon si se pa sa l ap ^atonbe.

16 Gade, li resevwa misyon li a, epi li p ap resevwa l ankò.

17 Epi nenpòt moun ki akonpli misyon sa a, li tabli pou l yon ^ajij nan Izrayèl, jan sa te ye nan tan lontan yo, pou divize tè eritaj Bondye a bay ^bpitit li yo.

18 Epi pou jije pèp li a avèk temwayaj moun ki jis, epi avèk asistans konseye li yo, dapre lalwa wayòm yo ^apwofèt Bondye yo bay.

19 Paske anverite, m di nou, moun pral respekte lalwa m yo nan tè sa a.

20 Pa kite pèsonn panse li se yon gouvènè; men, kite Bondye gouvènè moun ki jije lòt, dapre konsèy pwòp volonte pa l oubyen otreman, yon moun ki bay konsèy oubyen ki chita sou fotèy jijman an.

21 Pa kite pèsonn vyole ^alalwa peyi a, paske yon moun ki obeyi lalwa Bondye, li pa gen nesese pou l dezobeyi lalwa peyi a.

22 Se poutèt sa, soumèt nou anba pouvwa ki egziste a, jistan moun ki gen dwa pou l ^areye a reye, epi li soumèt tout ènmi li yo anba pye l.

23 Gade, ^alalwa nou resevwa nan men m yo se lalwa legliz la, epi se nan limyè sa a nou dwe obsève yo. Gade, sa a, se lasajès la.

24 Epi kounyeya, jan m te pale konsènan sèvitè m nan, Edward Partridge, tè sa a se tè rezidans li ak moun li te chwazi kòm konseye li yo; epi tou se tè rezidans moun m te chwazi pou gade ^amagazen m nan;

25 Se poutèt sa, se pou yo menmen fanmi yo sou tè sa a, jan yo antann yo pami yo ak mwen menm.

26 Paske gade, li pa nesese pou m kòmande nan tout bagay; paske yon moun yo fòse fè tout bagay, moun sa a se yon sèvitè ^aparese epi li pa saj; se poutèt sa li pa resevwa okenn rekonpans.

27 An verite, m di konsa, lèzòm ta dwe ^agen bon dezi pou angaje nan bon kòz, pou yo fè anpil bagay avèk pwòp volonte pa yo, epi pou yo reyalize anpil lajistis;

28 Paske pouvwa a nan yo, epi yo se ^amèt tè pa yo. Epi

11 *b* Lik 14:16-24.

13 *a* Miche 4:2.

14 *a* GE Partridge, Edward.

15 *a* 1 Kor. 10:12.

17 *a* D&A 107:72-74.

GE Evèk.

b GE Pitit gason ak

pitit fi Bondye.

18 *a* GE Pwofèt.

21 *a* Lik 20:22-26;

D&A 98:4-10;

AL 1:12.

GE Gouvènman.

22 *a* GE Jezikri; Mesi;

Milenyòm.

23 *a* GE Lwa.

24 *a* D&A 51:13; 70:7-11.

26 *a* Mat. 24:45-51;

D&A 107:99-100.

27 *a* GE Dilijans; Zèv.

28 *a* GE Lib abit.

toutotan lèzòm fè byen, yo p ap pèdi rekonpans yo nan okenn fason.

29 Men, yon moun ki pa fè anyen jistan yo kòmande l, epi ki resevwa kòmandman avèk yon kè ki gen dout, epi ki kenbe l avèk parès, moun sa a ^adane.

30 Senyè a di konsa: Kisa m ta ^aye, mwen menm ki fè lòm, si m ta konsidere moun ki pa obeyi kòmandman m yo san fot?

31 Senyè a di konsa: Kisa m ta ye, si m pa ta kenbe ^apwomès m te fè?

32 M kòmande epi lèzòm pa obeyi; m ^arevoke epi yo pa resevwa benediksyon an.

33 Epi yo di nan kè yo: Se pa travay Senyè a, paske pwomès li yo pa akonpli. Men, malè pou moun konsa, paske rekonpans yo kache ^aanba, epi li pa soti anlè.

34 Epi kounyeya, m ap ba nou lòt direktif konsènan tè sa a.

35 Se dapre lasajès pa m pou sèvitè m nan Martin Harris sèvi kòm yon egzant pou legliz la, pou l ^adepoze lajan l devan evèk legliz la.

36 Epi tou, se lalwa pa m pou chak moun ki vini nan tè sa a resevwa yon eritaj; epi li dwe aji avèk lajan l dapre jan lalwa a montre sa.

37 Epi tou se dapre lasajès pou moun achte tè nan

Independence, pou anplasan magazen an ak kay ^aenprimri an.

38 Epi Lespri a pral bay lòt oryantasyon konsènan sèvitè m nan, Martin Harris, pou l kapab resevwa eritaj li a jan l vle;

39 Epi se pou l repanti nan peche l yo, paske l ap chèche ^alouwanj mond lan.

40 Epi tou se pou sèvitè m nan, ^aWilliam W. Phelps rete nan ofis m te lonmen l la, epi pou l resevwa eritaj li a nan tè a;

41 Epi tou li gen nesesite pou l repanti, paske mwenmenm Senyè a, m pa kontan avèk li, paske l ap chèche fè konkiran, epi li pa dou ase devan mwen.

42 Gade, yon moun ki ^arepanti nan peche l, moun sa a ^bpadone, epi mwenmenm Senyè a m pa ^asonje peche yo ankò.

43 Men jan n ap konnen si yon moun repanti nan peche li yo—gade, l ap ^akonfese yo epi l ap ^babandone yo.

44 Epi kounyeya, an verite, konsènan rès ansyen yo ki nan legliz mwen an, m di, nan anpil ane ankò tan an p ap ko rive pou yo resevwa eritaj yo nan tè sa a eksepte si yo chèche l pa mwayen priyè ki fèt avèk lafwa, Senyè a ap ba yo l.

45 Paske, gade, yo pral ^apouse pèp yo ansanm soti nan tout kwen tè a.

46 Se poutèt sa, rasanble nou

29a GE Danasyon, dane.

30a Eza. 45:9–10;
Ela. 12:6.

31a D&A 1:37–38; 82:10.

32a D&A 56:3–4.

33a D&A 29:45.

35a D&A 42:30–32.

37a D&A 57:11–12.

39a 2 Ne. 26:29;

D&A 121:34–37.

40a GE Phelps, William W.

42a GE Repantans, repanti.

b Eza. 1:18.

GE Padon.

c Eza. 43:25.

43a D&A 19:20; 64:7.

GE Konfese,

konfesyon.

b D&A 82:7.

45a Det. 33:17.

GE Izrayèl—
Rasanbleman
Izrayèl la.

ansanm; epi moun ki pa lonmen pou yo rete nan peyi sa a, se pou yo preche levanjil la nan rejyon alantou yo; epi apre sa se pou yo retounen lakay yo.

47 Se pou yo preche sou wout yo, epi pou yo "rann temwayaj konsènan verite a tout kote, pou yo rele moun rich yo, moun ki ba yo, ak moun ki pòv yo pou yo repanti.

48 Epi se pou yo bati "legliz yo, toutotan abitan yo ki sou tè a vle repanti.

49 Epi se pou vwa legliz la lonmen yon ajan, pou legliz la nan Ohio, pou resevwa lajan pou achte tè nan "Siyon.

50 Epi m bay sèvitè m nan, Sidney Rigdon yon kòmandman pou l "ekri yon deskripsyon tè Siyon an, ak yon rapò sou volonte Bondye, jan Lespri a fè l konnen l;

51 Epi yon epit ak yon souskripsyon, pou prezante devan tout legliz yo, pou yo jwenn lajan pou yo remèt evèk la, pa lan-tremiz limenm oubyen ajan an, jan lide l di l oubyen jan l endike, pou achte tè kòm eritaj pou pitit Bondye yo.

52 Paske, gade, an verite m di nou, Senyè a vle pou disip yo ak pitit lèzòm yo louvri kè yo, pou yo achte tout rejyon sa a ki nan peyi a, menm pi vit tan an pèmèt yo.

53 Paske, se dapre lasajès. Si yo pa fè sa, yo p ap resevwa okenn "eritaj, eksepte nan fè san koule.

54 Epi ankò, toutotan yo jwenn tè, se pou yo voye tout kalite travayè nan tè a, pou travay pou sen Bondye yo.

55 Se pou bagay sa yo fèt nan lòd; epi se pou evèk la oubyen ajan legliz la fè moun konnen privilèj tè yo tanzantan.

56 Epi travay rasanbleman an pa dwe fèt twò prese, ni nan kouri; men, se pou l fèt jan an-syen yo ki nan legliz la konseye nan konferans yo, dapre kone-sans yo resevwa tanzantan.

57 Epi se pou sèvitè m nan, Sidney Rigdon konsakre epi dedye tè sa a, ak anplasan pou "tanp la devan Senyè a.

58 Epi se pou yo anonse yon re-yinyon konferans; epi apre sa, se pou sèvitè m yo, Sidney Rigdon ak Joseph Smith, pitit la, retou-nen ak Oliver Cowdery avèk yo, pou yo akonpli rès travay m te ba yo fè nan pwòp tè pa yo a, ak rès lajan konferans la "endike.

59 Epi se pa pou okenn moun kite tè sa a san l pa "rann temwayaj sou wout la, konsènan sa li konnen ak sa li kwè avèk tout asirans.

60 Se pou yo wete sa Ziba Peterson te resevwa a nan men l; epi se pou l rete kòm yon manm legliz la, epi pou l travay avèk pwòp men pa li, avèk frè legliz yo, jistan li "pirifye ase pou peche l yo; paske li pa konfese yo, epi li vle kache yo.

61 Se pou rès ansyen yo ki nan legliz sa a, k ap vini nan tè sa a,

47a D&A 68:8.

48a svd branch Legliz la.

49a GE Siyon.

50a D&A 63:55-56.

53a D&A 63:27-31.

57a D&A 57:3;

84:3-5, 31; 97:10-17.

58a GE Konsantman

jeneral.

59a GE Temwayaj.

60a GE Chatye, chatiman.

anpil ladan yo ki beni san mezi, fè yon konferans sou tè sa a tou.

62 Epi se pou sèvitè m nan, Edward Partridge dirije konferans yo pral fè a.

63 Epi se pou yo retounen, pou yo preche levanjil la sou wout yo, pou yo rann temwayaj konsènan bagay yo te revele yo a.

64 Paske, an verite, son bwi a dwe soti nan kote sa a pou ale nan tout mond lan, epi pou ale nan kote ki pi kache sou tè a—levanjil la dwe “preche bay chak kreyati, avèk ^bsiy pou suiv moun ki kwè yo.

65 Epi gade, Pitit Gason Lòm nan ap “vini. Amèn.

SEKSYON 59

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Siyon, Konte Jackson, Missouri, 7 Out 1831. Anvan revelasyon sa a, tè a te konsakre jan Senyè a te mande yo a, epi anplasan pou tanp ki ta pral bati a te konsakre. Nan jou yo te resevwa revelasyon sa a, Polly Knight, madanm Joseph Knight, papa a, te mouri, premye manm Legliz la ki te mouri nan Siyon. Premye manm yo te konsidere revelasyon sa a kòm “enstriksyon pou Sen yo konnen fason pou yo sanktifye jou Saba a ak fason pou yo jene ak priye.”

1–4, Sen fidèl nan Siyon yo ap beni; 5–8, Yo dwe renmen Senyè a, yo dwe sèvi L epi yo dwe respektè kòmandman L yo; 9–19, Lè yo sanktifye jou Senyè a, Sen yo beni tanporèlman epi espiritiyèlman; 20–24, Moun ki jis yo resevwa pwomès lapè nan mond sa a ak lavi etènèl nan mond ki pral vini an.

SENYÈ a di, gade, moun ki vini sou tè sa a avèk “yon objektif pou laglwa mwen, daprè kòmandman m yo, ap beni.

2 Paske, moun ki vivan yo pral “eritye tè a, epi moun ki ^bmouri yo

pral repoze apre tout travay yo, epi zèv yo pral suiv yo; epi yo pral resevwa yon ^ckouwòn ^dnan kay Papa m yo, m te pare pou yo a.

3 Wi, moun ki mete pye yo sou tè Siyon an, ki te obeyi levanjil mwen an, yo beni; paske y ap resevwa bon bagay ki sou tè a kòm rekonpans, epi li pral vini avèk ^afòs li.

4 Epi tou yo pral kouwone avèk benediksyon ki soti anlè a, wi, epi avèk kòmandman ki anpil epi avèk “revelasyon nan epòk pa yo a—moun sa yo ki ^bfidèl epi ki ^cdilijan devan mwen.

64a GE Preche.

b GE Siy.

65a GE Dezyèm Vini Jezikri.

59 1a Mat. 6:22–24; D&A 88:67.

2a Mat. 5:5;

D&A 63:20, 48–49.

b Apok. 14:13.

GE Lanmò, fizik; Paradi.

c GE Egzaltasyon; Kouwòn.

d Jan 14:2;

D&A 72:4; 76:111; 81:6; 98:18.

3a Jen. 4:12;

Moyiz 5:37.

4a D&A 42:61; 76:7; 98:12; 121:26–29.

GE Revelasyon.

b GE Diy, diyite.

c GE Dilijans.

5 Se poutèt sa, m ba yo yon kòmandman, m di: Nou dwe ^arenmen Senyè Bondye nou an avèk tout ^bkè nou, avèk tout pouvwa nou, tout panse nou, epi tout fòs nou; epi nou dwe ^csèvi l nan non Jezikri.

6 Nou dwe ^arenmen pwochen nou tankou tèt pa nou. Nou pa dwe ^bvòlè; ni komèt ^cadiltè, ni ^dtouye moun, ni fè okenn bagay konsa.

7 Nou dwe ^aremèsye Senyè Bondye nou an nan tout bagay.

8 Nou dwe ofri yon ^asakrifis bay Senyè Bondye nan ^blajistis, sa vle di sakrifis yon kè brize ak yon ^clespri kontri.

9 Epi pou nou kapab pwoteje tèt nou kont ^asalte mond lan, nou dwe ale nan kay priyè a pou nou ofri sakreman nou nan ^bjou sen mwen an;

10 Paske an verite, se yon jou ki tabli pou nou repoze nou apre travay nou yo, epi pou nou ^abay Bondye Ki Pi Wo a devosyon nou;

11 Men, nou dwe ofri sakrifis nou yo avèk lajistis chak jou epi tout tan;

12 Men sonje, nan jou Senyè a, nou dwe ofri ^aoblasyon nou yo ak ofrann nou yo bay Bondye Ki Pi Wo a, pou nou ^bkonfese peche

nou yo devan frè nou yo epi devan Senyè nou an.

13 Epi nan jou sa a, nou pa dwe fè okenn lòt bagay, sèlman prepare manje nou senp pou ^ajèn nou an kapab pafè, oubyen ki vle di pou ^blajwa nou kapab konplè.

14 An verite, se jèn ak priyè, oubyen rejwisans ak priyè.

15 Epi toutotan nou fè bagay sa yo avèk ^aremèsiman, avèk ^bkè ^ckontan epi avèk bon aparans, men pa avèk anpil ^dgriyen dan, paske, se peche, men, avèk kè kontan epi avèk bon aparans—

16 An verite, m di, toutotan nou fè sa, tout tè a pou nou, bèt ki nan chan yo ak zwazo yo ki anlè a, ak sa ki grenpe sou pyebwa yo epi ki mache sou tè a;

17 Wi, ak fèy yo, ak bon bagay ki soti nan tè a, kit se pou manje oubyen pou rad, oubyen pou kay, oubyen pou pak, pou rak pyebwa, oubyen pou jaden, oubyen pou pye rezen yo;

18 Wi tout bagay ki soti nan ^atè a, nan sezon yo, fèt pou benefis ak itilite lòm, pou fè je moun plèzi ak pou fè kè moun kontan;

19 Wi, pou manje ak rad, pou gou ak lodè, pou fòtifye kò a epi pou bay nanm nan lavi.

20 Epi sa fè Bondye plezi poutèt li te bay lòm tout bagay sa yo;

5a Det. 11:1; Mat. 22:37; Mowo. 10:32; D&A 20:19.

GE Lanmou, renmen.

b GE Kè.

c GE Sèvis.

6a GE Kominyon Fratèl.

b GE Vòl, vòlè.

c GE Adiltè.

d GE Ansan.

7a Sòm 92:1; Alma 37:37; D&A 46:32.

GE Rekonesan, remèsiman.

8a GE Sakrifis.

b GE Jis, jistis.

c GE Kè brize.

9a Jak 1:27.

b GE Jou Saba.

10a GE Adorasyon.

12a svd ofran, menm si se tan, talan yo, oubyen nan sans sèvis Bondye ak pwochen.

GE Sakrifis.

b GE Konfese, konfesyon.

13a GE Jèn, jene.

b GE Jwa.

15a GE Rekonesan, remèsiman.

b Pwov. 17:22.

c Egz. 25:2;

D&A 64:34.

d D&A 88:69.

18a GE Te.

paske se pou rezon sa yo, yo te fèt pou yo itilize, avèk bon sans, men pa nan eksè ni avèk avaris.

21 Epi lòm pa ^aofanse Bondye nan anyen, oubyen kòlè Bondye pa limen kont okenn moun, eksepte moun ki pa ^bkonfese men l nan tout bagay, epi ki pa obeyi kòmandman l yo.

22 Gade, se dapre lalwa a ak

pwofèt yo; se poutèt sa, pa nwi m ankò konsènan zafè sa a.

23 Men, raple nou, yon moun ki fè travay ^alajistis, li pral resevwa ^brekonpans li, sa vle di ^clapè nan mond sa a, ak ^dlavi etènèl nan mond k ap vini an.

24 Mwen menm Senyè a, m te di sa, epi Lespri a rann temwayaj. Amèn.

SEKSYON 60

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Independence, Konte Jackson, Missouri, 8 Out 1831. Nan okazyon sa a, ansyen yo ki te vwayaje al nan Konte Jackson pou yo te patisipe nan konsekrasyon tè a ak anplasman tanp lan te vle konnen kisa pou yo te fè.

1–9, Ansyen yo dwe preche levanjil la nan asanble mekan yo; 10–14, Yo pa dwe gaspiye tan yo, ni antere talan yo; 15–17, Yo dwe lave pye yo kòm yon temwayaj kont moun ki rejte levanjil la.

SENYÈ a di ansyen yo ki nan legliz li a, ki dwe retounen rapid rapid kote yo te soti a, gade, sa fè m plezi nou te vini isit la;

2 Men, m pa kontan avèk kèk moun, paske yo pa vle louvri ^abouch yo, men, yo ^bkache talan m te ba yo, poutèt yo ^cpè moun. Malè pou moun konsa, paske kòlè mwen limen kont yo.

3 Epi se pral konsa, si yo pa pi fidèl devan mwen, m ap ^apran menm sa yo genyen an.

4 Paske, mwenmenm Senyè

a, m dirije anlè nan syèl la epi pami ^alame yo ki sou tè a; epi nan jou lè m ap prepare ^bbijou m yo tout moun pral konnen kisa pouvwa Bondye vle di.

5 Men, anverite, m ap pale nou konsènan vwayaj nou nan peyi kote nou te soti a. Fè yon kannòt oubyen achte youn, jan lide nou di nou, sa pa fè okenn diferans pou mwen, epi fè yon vwayaj rapid rapid ale nan kote ki rele St. Louis a.

6 Epi sa pou sèvitè m yo, Sidney Rigdon, Joseph Smith, pitit la, ak Oliver Cowdery al fè vwayaj yo a Cincinnati;

7 Epi nan kote sa a, se pou yo leve vwa yo pou yo deklare pawòl mwen yo avèk yon vwa fò, san kòlè epi san doute, pou yo

21 ^a GE Ofanse.

^b Jòb 1:21.

23 ^a GE Jis, jistis.

^b GE Benediksyon, beni.

^c Mat. 11:28–30.

GE Lapè.

^d D&A 14:7.

60 ^{2a} Efe. 6:19–20.

^b Lik 8:16, 18.

^c Mat. 25:14–30.

GE Krent, krentif—

Krent lèzòm.

3 ^a Mak 4:25;

D&A 1:33.

4 ^a Alma 43:50.

^b Eza. 62:3; Zak. 9:16;

Mal. 3:17;

D&A 101:3.

leve men yo ki sen bay moun sa yo. Paske m kapab fè nou “sen epi peche nou yo ^bpadone.

8 Epi se pou rès la kite Missouri, de pa de, pou yo preche pawòl la, san yo pa prese, pami asanble mechan yo, jistan yo retounen nan legliz kote yo te soti yo.

9 Pou yo fè tout sa pou byen legliz yo; paske se nan entansyon sa a m te voye yo.

10 Epi se pou sèvitè m nan, “Edward Partridge pataje nan lajan m te ba li a, pou l bay ansyen yo ki te gen kòmandman pou yo retounen yo yon pòsyon;

11 Epi yon moun ki kapab, se pou l voye l tounen pa mwayen ajan an; yon moun ki pa kapab, li pa bezwen voye l tounen.

12 Epi kounyeya, m ap pale konsènan rès moun ki pral vini nan tè sa a.

13 Gade, m te voye yo pou yo preche levanjil mwen an pami

asanble mechan yo; se poutèt sa, m ba yo yon kòmandman, konsa: Nou pa dwe “gaspiye tan nou, ni tou nou pa dwe antere ^btalan nou pou moun pa konnen l.

14 Epi lè nou fin monte nan tè Siyon an, epi nou fin pwoklame pawòl mwen an, nou dwe retounen rapid rapid pou nou pwoklame pawòl mwen an pami asanble mechan yo, pa twò prese, ni an “kòlè ni avèk diskisyon.

15 Epi souke “pousyè soti nan pye nou kont moun ki pa resevwa nou, pa nan prezans yo, pou nou pa pwovoke yo, men, an prive; epi lave pye nou kont yo nan jou jijman an.

16 Gade, sa a ase pou nou, epi se volonte moun ki te voye nou an.

17 Epi pa mwayen bouch sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, m ap pale konsènan Sidney Rigdon ak Oliver Cowdery. Pou rès la, se ap apre sa. Se sa menm. Amèn.

SEKSYON 61

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, bò rivaj Rivyè Missouri a, McIlwaine’s Bend, 12 Out 1831. Lè yo t ap retounen ale Kirtland, Pwofèt la ak dis ansyen te vwayaje desann sou Rivyè Missouri a nan kannòt. Nan twazyèm jou vwayaj la, yo te rankontre anpil danje. Nan yon vizyon Ansyen William W. Phelps te fè gwo lajounen, li te wè destriktè a ki t ap sikile avèk pouwa sou sifas dlo yo.

1–12, Senyè a dekrete anpil destriksyon sou dlo yo; 13–22, Jan te modifè dlo yo epi destriktè a sikile sou sifas yo; 23–29, Gen moun ki gen pouwa pou yo kòmande dlo

yo; 30–35, Ansyen yo dwe vwayaje de pa de pou yo preche levanjil la; 36–39, Yo dwe prepare pou vini Pitit Gason Lòm nan.

7a GE Sentete.

b GE Padon.

10a GE Partridge, Edward.

13a D&A 42:42.

GE Endolan, Endolans.

b Mat. 25:24–30;

D&A 82:18.

14a Pwov. 14:29.

15a Mat. 10:14; Lik 9:5;

Tra. 13:51;

D&A 24:15;

75:20; 84:92.

GADE, epi koute vwa moun ki gen tout ^apouvwa a, ki kòmpanse depi nan letènite jouk nan letènite, sa vle di ^bAlfa ak Omega, kòmansman ak finisman an.

2 Senyè a di nou, gade, an verite, noumenm ansyen yo ki nan legliz mwen an, ki rasanble nan lokalite sa a, ki gen peche nou yo padone kounyeya, paske mwenmenm Senyè a, m ^apadone peche yo, epi m gen ^bmizèrikòd pou moun ki ^ckonfese peche yo avèk youn kè enb;

3 Men, an verite m di nou, li pa nesèsè pou tout konpayi ansyen m yo ki la a deplase rapid rapid sou dlo yo, pandan abitan yo ki nan chak bò ap peri nan enkredilite.

4 Men, m kite sa fèt pou nou kapab rann temwayaj; gade, gen anpil danje sou dlo yo, epi gen plis espesyalman apre sa;

5 Paske, mwenmenm Senyè a, nan kòlè mwen, m dekrete anpil destriksyon sou dlo yo; wi, espesyalman sou dlo sa yo.

6 Men, tout kò fizik nan men mwen epi yon moun ki fidèl pami nou li p ap peri nan dlo yo.

7 Se poutèt sa, li nesèsè pou sèvitè m nan Sidney Gilbert ak sèvitè m nan ^aWilliam W. Phelps prese nan komisyon ak misyon yo a.

8 Men, m pa t vle kite nou separe jistan nou pa t ^achatye pou

tout peche nou yo, pou nou fè yon sèl, pou nou kapab pa peri nan ^bmechanste;

9 Men kounyeya, an verite m di, li nesèsè pou nou separe. Se poutèt sa, se pou sèvitè m yo Sidney Gilbert ak William W. Phelps pran ansyen konpayi yo a, epi pou yo fè yon vwayaj rapid pou yo kapab akonpli misyon yo a, epi pa mwayen lafwa, y ap gen viktwa;

10 Epi toutotan yo fidèl, y ap prezève, epi gade, mwenmenm Senyè a, m ap avèk yo.

11 Epi se pou rès moun yo pran sa ki nesèsè pou yo abiye.

12 Se pou sèvitè m nan, Sidney Gilbert pran sa ki pa nesèsè avèk li, jan nou ta dakò.

13 Epi kounyeya, gade, pou ^abyen nou m ba nou yon ^bkòmandman konsènan bagay sa yo; epi mwen menm Senyè a, m ap rezone avèk nou menm jan avèk moun nan tan lontan.

14 Gade, mwen menm Senyè a, m te beni ^adlo yo nan kòmansman, men, nan dènye jou yo, pa mwayen bouch sèvitè m nan, Jan, m te ^bmodi dlo yo.

15 Se poutèt sa, gen yon jou k ap vini, pèsonn p ap an sekirite sou dlo yo.

16 Epi nan jou k ap vini yo, moun pral di pèsonn pa kapab monte nan peyi Siyon an sou dlo yo, eksepte moun ki gen bon kè.

61 1a GE Pouvwva.

b GE Alfa ak Omega.

2a Mozya 4:10-11.
GE Padon.

b GE Mizèrikòd.

c GE Konfese,

konfesyon.

7a GE Phelps,
William W.

8a GE Chatye,
chatiman.

b GE Mehan,
mechanste.

13a D&A 21:6.

b GE Kòmandman
Bondye yo.

14a Jen. 1:20.

b Apok. 8:8-11.

17 Epi menm jan mwen menm Senyè a, m te “modi tè a nan kòmansman an, se konsa m beni l nan dènye jou yo, nan tan li, pou itilite sen m yo, pou yo kapab jwenn nan grès li.

18 Epi kounyeya, m ba nou yon kòmmandman, pou sa m di yon moun, m di tout moun li, pou nou kapab avèti frè nou yo konsènan dlo sa yo, pou yo kapab pa vwayaje sou yo, pou lafwa yo pa febli epi pou yo pa tonbe nan pyèj;

19 Mwen menm Senyè a, m dekrete, epi destriktè a sikile sou sifas dlo yo, epi m pa wete dekrè a.

20 Mwen menm Senyè a, m te fache avèk nou yè, men, jodi a kòlè m nan detounen.

21 Se poutèt sa, se pou moun m te pale yo, ki te dwe vwayaje rapid rapid yo—m di nou ankò, se pou yo vwayaje rapid rapid.

22 Epi pou mwen, se pa enpòtan, apre yon ti tan, si y ale sou dlo oubyen atè, depi yo ranpli misyon yo; apre sa kite yo itilize jijman pa yo dapre konesans m te ba yo.

23 Epi kounyeya, konsènan sèvitè m yo, Sidney Rigdon, Joseph Smith, pitit la, ak Oliver Cowdery, se pou yo pa ale sou dlo yo ankò, eksepte sou kanal la, pandan y ap vwayaje ale lakay yo; m vle di, yo pa dwe monte sou dlo yo pou yo vwayaje eksepte sou kanal la.

24 Gade, mwen menm Senyè a, m te tabli yon fason pou sen

m yo vwayaje; epi gade, se wout la—apre yo fin kite kanal la, yo dwe vwayaje atè, toutotan yo gen kòmmandman pou yo vwayaje pou yo monte nan peyi Siyon an;

25 Epi yo dwe fè tankou pitit Izrayèl yo, pou yo “plante tant yo pandan yo sou wout la.

26 Epi gade, bay tout frè nou yo kòmmandman sa a.

27 Men, moun ki resevwa “pouvwa pou l kòmmande dlo yo, l ap gen pouvwa pa lantremiz Lespri a pou l konnen tout wout li yo;

28 Se poutèt sa, se pou l fè jan Lespri Bondye vivan an kòmmande l, menm si se sou tè oubyen sou dlo, jan m vle fè apre sa.

29 Epi m ba nou wout pou sen yo, oubyen chemen pou sen ki nan kan Senyè a yo vwayaje.

30 Epi ankò, an verite m di nou, sèvitè m yo, Sidney Rigdon, Joseph Smith, pitit la, ak Oliver Cowdery pa dwe louvri bouch yo nan asanble mechan yo jistan yo rive nan Cincinnati;

31 Epi nan kote sa a, yo dwe leve vwa yo devan Bondye kont pèp sa a, wi, devan sila a ki gen kòlè l limen kont mechanste yo, yon pèp ki prèske byen “mi pou destriksyon.

32 Epi soti nan kote sa a, se pou yo vwayaje ale nan asanble frè yo, paske travay yo pi nesèsè ankò pami frè yo pase pami asanble mechan yo.

33 Epi kounyeya, konsènan rès moun yo, se pou yo vwayaje epi pou yo “deklare pawòl la pami

17a Moyiz 4:23.
25a Nonb 9:18.
27a GE Pouvwa;

Prètriz.
31a Alma 37:31;
Ela. 13:14;

D&A 101:11.
33a GE Preche;
Temwaye.

asanble mechan yo, toutotan yo resevwa l;

34 Epi toutotan yo fè sa, y ap “pirifye rad yo, epi y ap san tach devan m.

35 Epi se pou yo vwayaje an-sanm, oubyen “depade, jan yo vle, sèlman se pou sèvitè m nan Reynolds Cahoon, ak sèvitè m nan Samuel H. Smith ki fè m plezi, yo pa separe jistan yo retounen lakay yo, epi se nan yon objektif mwen jije ki saj.

36 Epi kounyeya, an verite m di nou, epi sa m di youn, m di tout

moun, fè kè nou kontan, “timoun piti m yo; paske m nan ^bmitan nou, epi m pa ‘abandone nou;

37 Epi toutotan nou gen imilite devan mwen, benediksyon “wa-yòm nan yo se pou nou.

38 Mare senti nou, “veye epi kenbe tèt nou serye, tann vini Pitit Gason Lòm nan, paske l ap vini nan yon lè nou pa panse.

39 “Priye tout tan pou nou pa tonbe nan ^btantasyon, pou nou kapab sipòte jou vini li a, menm si se nan lavi oubyen nan lanmò. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 62

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, sou rivaj Rivyè Missouri a nan Chariton, Missouri, 13 Out 1831. Nan jou sa a, Pwofèt la ak gwoup li a ki te sou wout Independence pou ale Kirtland, te ran-kontre plizyè ansyen ki te sou wout yo pou y ale nan peyi Siyon an, epi, apre bèl salitasyon, li te resevwa revelasyon sa a.

1–3, *Temwayaj yo anrejistre nan syèl la; 4–9, Ansyen yo dwe vwayaje pou yo preche dapre jijman yo epi dapre jan Lespri a dirije yo.*

SENYÈ Bondye nou an di, gade epi koute, o, noumenm ansyen yo ki nan legliz mwen an, Jezikri menm, “avoka nou an, ki konnen feblès lòm epi ki konnen kòman pou l pote ^bsekou bay sila yo ki anba ‘tantasyon.

2 Epi an verite, je mwen sou moun yo ki pa t ko monte nan

peyi Siyon an; se poutèt sa misyon nou pa t ko fin akonpli.

3 Men, nou beni, paske “temwayaj nou te rann nan ^banrejistre pou zanj yo wè yo; epi yo rejwi poutèt nou epi ‘peche nou yo padone.

4 Epi kounyeya, kontinye vwayaj nou. Reyini nou sou tè “Siyon an; epi fè yon reyinyon epi rejwi ansanm, epi prezante Bondye Ki Pi Wo a yon ofrann.

5 Epi apre sa nou kapab retounen rann temwayaj, wi sa vle di

34a 2 Ne. 9:44;

Jakòb 2:2;

Mozya 2:28.

35a GE Travay misyonè.

36a Jan 13:33.

b Mat. 18:20.

c Eza. 41:15–17;

1 Ne. 21:14–15.

37a D&A 50:35.

38a GE Santinèl, veye.

39a GE Priyè.

b GE Tantasyon, tante.

62 1a D&A 45:3–4.

GE Avoka.

b Ebre 2:18; Alma 7:12.

c GE Tantasyon, tante.

3a Lik 12:8–9.

GE Temwayaj.

b GE Liv lavi.

c D&A 84:61.

4a D&A 57:1–2.

ansanm, oubyen de pa de, jan nou vle, sa pa fè m anyen; sèlman nou dwe fidèl, epi “deklare bon nouvèl devan abitan yo ki sou tè a, oubyen pami asanble mechan yo.

6 Gade, mwenmenm Senyè a, m te mete nou ansanm pou pwomès la kapab akonpli, pou moun ki fidèl pami nou yo kapab prezève epi pou yo rejwi ansanm nan tè Missouri a. Mwen menm Senyè a, m pwomèt moun ki fidèl yo epi m “pa kapab manti.

7 Mwenmenm Senyè a, m dispoze, si nenpòt moun pami nou vle monte sou cheval oubyen sou milèt, oubyen sou charyo, l ap resevwa benediksyon sa a, si l resevwa li nan men Senyè a, avèk yon kè “rekonesan nan tout bagay.

8 Bagay sa yo rete nan men nou pou nou fè yo dapre jijman ak direksyon Lespri a.

9 Gade, “wayòm nan se pou nou. Epi gade, m avèk fidèl yo tout tan. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 63

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la resevwa nan Kirtland, Ohio, 30 Out 1831. Pwofèt la, Sidney Rigdon ak Oliver Cowdery te rive nan Kirtland 27 Out, soti nan vizit yo a nan Missouri. Istwa Joseph Smith la dekri revelasyon sa a: “Nan premye moman Legliz la, moun te gen anpil anksyete pou jwenn pawòl Senyè a konsènan chak sijè ki te konsène sali nou nan nenpòt fason; epi kòm tè Siyon an sete bagay ki te pi enpòtan nou te ka wè, m te mande Senyè a plis enfòmasyon sou rasanbleman Sen yo, sou zafè achte tè a, ak lòt bagay.”

1–6, Yon jou kòlè pral vini sou mechan yo; 7–12, Siy vini pa mwayen lafwa; 13–19, Moun ki adiltè nan kè yo pral nye lafwa a epi yo pral jete yo nan lak dife a; 20, fidèl yo pral resevwa yon eritaj sou tè a ki pral transfigire; 21, Tout istwa evènman sou Mòn Transfigirasyon an pat ankò revele nèt; 22–23, moun ki obeyisan yo resevwa mistè wayòm nan; 24–31, Moun dwe achte eritaj nan Siyon; 32–35, Senyè a dekrete lagè epi mechan touye mechan; 36–48, Sen yo dwe rasanble nan Siyon epi yo dwe bay lajan pou bati l; 49–54,

Benediksyon yo asire pou fidèl yo nan Dezyèm vini an, nan Rezi-rèksyon an, epi pandan Milenyòm nan; 55–58, Se yon jou avètisman; 59–66, Moun ki itilize non Senyè a san otorite, yo pran l anven.

KOUTE, O, noumenm Pèp yo, epi louvri kè nou epi louvri zòrèy nou pandan nou lwen; epi koute, noumenm ki rele tèt nou pèp Senyè a, epi tandè pawòl Senyè a ak volonte l konsènan nou.

2 Wi an verite, m di, koute pawòl moun sa a ki gen kòlè l

limenm kont mechan ak ^arebèl yo;

3 Ki vle pran moun li menm vle ^apran, epi prezève lavi moun li vle prezève;

4 Ki bati jan lide l di l; epi ki detwi lè l vle, epi ki kapab jete nanm moun anba nan lanfè.

5 Gade, mwen menm Senyè a, m leve vwa m epi moun pral obeyi l.

6 Se poutèt sa, an verite m di, se pou mechan yo fè atansyon, epi se pou rebèl yo gen lakrent epi pou yo tranble; epi se pou enkredil yo kenbe po bouch yo, paske ^ajou kòlè a pral vini sou yo tankou yon ^btoubiyon, epi tout kò fizik pral ^ckonnen m se Bondye.

7 Epi yon moun k ap chèche siy yo, l ap wè ^asiy, men, pa pou sali.

8 An verite, m di nou, gen moun pami nou k ap chèche siy, epi te gen moun konsa menm depi nan kòmansman;

9 Men gade, lafwa pa vini avèk siy yo, men, siy yo suiv moun ki kwè.

10 Wi, siy yo vini avèk ^alafwa, se pa selon volonte lèzòm, ni jan lide yo di yo, men, selon volonte Bondye.

11 Wi, siy yo vini avèk lafwa pou fè travay ki pisan, paske ^asan lafwa, okenn moun pa fè Bondye plezi; epi si Bondye

fache kont yon moun, ki pa fè l plezi; se poutèt sa, li pa montre moun konsa okenn siy yo, sèlman nan ^bkòlè pou ^ckondansyon yo.

12 Se poutèt sa, mwenmenm Senyè a, m pa kontan avèk sila yo pami nou k ap chèche siy yo ak mèvèy yo pou yo kapab gen lafwa, epi se pa pou byen lèzòm ak pou laglwa mwen.

13 Men, m bay kòmandman yo, epi anpil moun vire do bay kòmandman m yo epi yo pa respekte yo.

14 Tè gen gason ak fi ^aadiltè pami nou; kèk ladan yo te vire do ba nou, epi kèk lòt rete avèk nou epi yo pral revele pita.

15 Se pou moun konsa fè atansyon epi pou yo repanti rapid rapid pou jijman pa vini sou yo tankou yon pyèj, pou foli yo pa manifeste, epi pou zèv yo pa suiv yo nan je pèp la.

16 Epi an verite, m di nou, jan m te di anvan an, yon moun ki ^agade yon fi avèk ^banvi, oubyen si nenpòt moun komèt ^cadiltè nan kè yo, yo pa gen Lespri a, men, y ap nye lafwa a epi y ap gen lakrent.

17 Se poutèt sa, mwen menm Senyè a, m te di, moun ki gen ^alakrent yo, ak enkredil yo, ak ^bmantè yo, ak nenpòt moun ki renmen ^cmanti epi ki fòje manti, ak moun ki fè abominasyon

63 2a GE Rebelyon.
3a GE Lanmò, fizik.
6a GE Dezyèm Vini
Jezikri;
Jistis.
b Jer. 30:23.
c Eza. 49:26.
7a D&A 46:9.

GE Siy.
10a Mowo. 7:37.
GE Lafwa.
11a Ebre 11:6.
b D&A 35:11.
c D&A 88:65.
14a D&A 42:24–25.
16a Mat. 5:27–28;

D&A 42:23–26.
b GE Konvwate,
konvwatiz.
c GE Adiltè.
17a Apok. 21:8.
b GE Manti.
c Apok. 22:15;
D&A 76:103.

seksyèl, ak sòsyè, pral gen pa yo nan ^dlak k ap boule avèk dife epi avèk souf la, ki se ^edezyèm lanmò a.

18 An verite, m di, yo p ap patisipe nan ^apremye rezirèksyon an.

19 Epi kounyeya, gade, mwen menm Senyè a m di nou, nou pa ^ajistifye, poutèt bagay sa yo pami nou.

20 Men, yon moun ki ^apèsevere nan lafwa epi ki fè volonte m, moun sa a ap gen viktwa, epi l ap resevwa yon ^beritaj sou tè a lè jou transfigirasyon an va rive;

21 Lè ^atè a ^btransfigire, dapre menm modèl m te montre apot mwen yo sou ^cmòn nan; istwa sa a, nou pa t ko resevwa l nèt.

22 Epi kounyeya, an verite, m di nou, jan m te di m ap fè nou konnen volonte m nan, gade, m pral fè nou konnen l, men se pa kòm yon kòmandman, paske gen anpil moun ki pa respekte kòmandman m yo.

23 Men, se moun ki respekte kòmandman m yo, m pral bay ^amistè yo ki nan wayòm mwen an, epi y ap yon fontèn ^bdlo lavi a k ap ^cpikemonte jouk nan lavi etènèl.

24 Epi kounyeya, gade, se volonte Senyè Bondye nou an konsènan sen li yo, pou yo rasanble

ansanm nan peyi Siyon an, pa rapid rapid, pou yo pa tonbe nan konfizyon, ki pote lapès;

25 Gade, tè ^a“Siyon an—mwen menm Senyè a, m kenbe l nan men pa m;

26 Men, mwen menm Senyè a, m bay ^a“Seza bagay ki pou Seza.

27 Se poutèt sa, mwen menm Senyè a, m ta vle nou achte tè yo, pou nou kapab gen avantaj sou mond lan, pou nou kapab gen dwa sou mond lan, pou anpeche yo eksite nan kòlè.

28 Paske ^a“Satan enspire kè yo pou yo fè kòlè kont nou, epi pou yo fè san koule.

29 Se poutèt sa, nou pa kapab jwenn tè Siyon an san nou pa achte l oubyen si san pa koule, san sa, pa gen okenn eritaj pou nou.

30 Epi si nou achte yo, gade n ap beni;

31 Epi si se avèk san, paske m defann nou koule san, gade l ènmi nou yo sou nou, epi y ap filange nou soti nan yon vil ale nan yon lòt, epi soti nan yon sinagòg ale nan yon lòt, epi sèlman kèk ^amoun ap rete pou resevwa yon eritaj.

32 Mwen menm Senyè a, m fache kont mechan yo; m kenbe Lespri m lwen abitan yo ki sou tè a.

33 M sèmante nan kòlè mwen

17d Apok. 19:20;
2 Ne. 9:8–19, 26; 28:23;
Jakòb 6:10;
Alma 12:16–18;
D&A 76:36.
GE Lanfè.
e GE Lanmò espiritiyèl.
18a Apok. 20:6.
19a GE Jistifikasyon,

jistifye.
20a D&A 101:35.
b Mat. 5:5;
D&A 59:2; 88:25–26.
21a GE Tè—Eta final tè a.
b GE Mond—Finisman mond lan.
c Mat. 17:1–3.
23a Alma 12:9–11;

D&A 42:61; 84:19;
107:18–19.
b GE Dlo Vivan.
c Jan 4:14.
25a GE Siyon.
26a Lik 20:25;
D&A 58:21–23.
GE Gouvènman.
28a GE Dyab.

epi m dekrete ^alagè sou sifas tè a, epi mechan pral touye mechan, epi krent pral vini sou chak moun;

34 Epi ^asen yo ap gen difikilte pou yo chape poul yo; men, mwenmenm Senyè a, m avèk yo, epi m pral ^bdesann soti nan syèl la kote Papa m pou m konsonmen ^cmechan yo avèk ^ddife ki pa kapab etenn.

35 Epi gade, sa pat ko fèt, men sa ap rive, pwochèman.

36 Se poutèt sa, paske mwenmenm Senyè a, m te dekrete tout bagay sa yo sou sifas tè a, m ta vle sen m yo rasanble sou tè Siyon an;

37 Epi chak moun ta dwe ^apran lajistis nan men l ak fidelite nan senti li, epi pou l leve yon ^bvwa avètisman pou abitan yo ki sou tè a; epi pou l deklare avèk pawòl epi ak kous kouri pou fè konnen ^cdezolasyon pral vini sou mechan yo.

38 Se poutèt sa, se pou disip mwen yo ki nan Kirtland, ki rete sou fèm sa a ranje zafè tanporèl yo.

39 Se pou sèvitè m nan, Titus Billings ki gen responsablite tè sa a, dispoze tè a, pou l kapab prepare nan prentan pwochen an pou l vwayaje monte nan peyi Siyon an avèk moun ki avèk li yo, eksepte moun m pral rezève pou tèt pa m yo, ki pa dwe ale jistan m kòmande yo.

40 Epi se pou tout lajan ki kapab ekonomize, sa pa di m anpyen si l piti oubyen anpil, se pou yo voye l nan peyi Siyon an, bay moun m te nonmen pou resevwa l la.

41 Gade, mwenmenm Senyè a, m ap bay sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, pouvwa pou l kapab ^adisènen moun ki dwe monte nan peyi Siyon yo pa lantremiz Lespri a, ak moun pami disip mwen yo ki pral rete yo.

42 Se pou sèvitè m nan, Newel K. Whitney kenbe magazen li a, ki vle di magazen an, pou yon ti tan ankò.

43 Men, se pou l bay tout kantite lajan li kapab pou voye ale nan peyi Siyon an.

44 Gade, bagay sa yo nan men pa l, se pou l ajì dapre lasajès.

45 An verite, m di, se pou yo òdone l kòm yon ajan pou disip ki pral rete yo, epi se pou yo òdone l nan pouvwa sa a;

46 Epi kounyeya pou l vizite legliz yo, pou l eksplike yo bagay sa yo, avèk sèvitè m nan, Oliver Cowdery. Gade, se volonte m, pou l jwenn lajan, menm jan m te mande a.

47 Yon moun ki ^afidèl epi ki pèsèvere, l ap gen viktwa sou mond lan.

48 Yon moun ki voye trezò nan peyi Siyon an, l ap resevwa yon ^aeritaj nan mond sa a, epi zèv li yo ap suiv li, ak yon

33^a GE Lagè.
34^a GE Sen (non).
^b GE Dezyèm Vini Jezikri.
^c Mat. 3:12;
2 Ne. 26:6;

D&A 45:57; 64:24;
101:23-25, 66.
GE Mechan,
mechanste.
^d GE Dife.
37^a GE Jis, jistis.

^b D&A 1:4.
^c Eza. 47:11.
41^a GE Disènan, Don.
47^a Mozya 2:41;
D&A 6:13.
48^a D&A 101:18.

rekonpans nan mond k ap vini an.

49 Wi, epi mò ki “mouri nan Senyè a yo beni, kòmanse pou kounyeya, lè Senyè a vini, epi bagay ansyen yo pral ^bpase, epi tout bagay vin nouvo, yo pral ^cleve pami mò yo epi yo p ap ^dmouri apre, epi yo pral resevwa yon eritaj devan Senyè a nan vil sen an.

50 Epi yon moun ki vivan lè Senyè a vini epi ki te kenbe lafwa, li ^abeni; men, li te gen pou l ^bmouri nan laj lòm.

51 Se poutèt sa, timoun yo ^apral ^bgrandi jistan yo vin vyeyi; granmoun yo pral mouri, men, yo p ap dòmi nan pousyè a, men, y ap ^cchanje nan yon klen-dèy.

52 Se poutèt sa, se pou rezon sa a apot yo te preche mond lan rezirèksyon mò yo.

53 Bagay sa yo se bagay nou dwe espere; epi pou pale dapre langaj Senyè a, yo ^apare pou rive kounyeya, epi nan yon tan k ap vini, sa vle di nan jou vini Pitit Gason Lòm nan.

54 Epi jistan lè sa a rive, ap gen ^avyèj fòl pami saj yo; epi nan lè sa a pral gen yon separasyon total ant moun ki jis yo ak mechan yo; epi nan jou sa a m pral voye zanj mwen yo pou ^bderasinan

mechan yo pou jete yo nan dife ki pa kapab etenn nan.

55 Epi kounyeya, gade, an verite, m di nou, mwen menm Senyè a, m pa kontan avèk sèvitè m nan, “Sidney Rigdon; li ^bekzalte tèt li nan kè l, li pa t resevwa konsèy, men, li te atriste Lespri a;

56 Se poutèt sa, Senyè a pa aksepté ^aekriti l yo, epi li dwe fè yon lòt; epi si Senyè a pa aksepté l gade, li pa nan ofis yo te lonmen l lan ankò.

57 Epi ankò, an verite, m di nou, ^amoun ki vle nan kè yo, avèk imilite, pou yo ^bavèti pechè yo vin nan repantans, se pou yo òdone nan pouvwa sa a.

58 Paske jodi a se yon jou avètisman, epi se pa yon jou pawòl anpil. Paske mwen menm Senyè a, moun pa dwe moke m nan dènye jou yo.

59 Gade, m soti anwo, epi pouvwa m chita anba. M alatèt tout bagay, nan tout bagay epi pa mwayen tout bagay, epi m ^asonde tout bagay, epi jou a ap vini pou tout bagay soumèt devan mwen.

60 Gade, m se ^aAlfa ak Omega, Jezikri menm.

61 Se poutèt sa, se pou lèzòm fè atansyon kòman pou yo site ^anon mwen nan bouch yo—

49a Apok. 14:13;
D&A 42:44–47.

b 2 Kor. 5:17.

c GE Rezirèksyon.

d Apok. 21:4;

Alma 11:45;

D&A 88:116.

GE Imòtalite, imòtèl.

50a GE Benediksyon,
beni.

b GE Lanmò, fizik.

51a GE Milenyòm.

b Eza. 65:20–22;

D&A 45:58;

101:29–31.

c 1 Kor. 15:51–52;

D&A 43:32.

53a D&A 35:15.

54a Mat. 25:1–13;

D&A 45:56–59.

b Mozya 16:2.

55a GE Rigdon, Sidney.

b GE Lògèy.

56a D&A 58:50.

57a D&A 4:3–6.

b D&A 18:14–15.

GE Avèti, avètisman;

Travay misyonè.

59a 1 Kor. 2:10.

60a GE Alfa ak Omega.

61a GE Pwofanasyon.

62 Paske gade, an verite m di, gen anpil moun ki anba kondanasyon sa a, ki itilize non Senyè a, epi ki itilize l anven, yo pa gen otorite.

63 Se poutèt sa, se pou legliz la repanti nan peche l yo, epi mwen menm Senyè a, m ap posede yo; san sa y ap retranche.

64 Sonje, bagay ki soti anwo ^asa-kre, epi moun dwe ^bpale l avèk swen, epi lè Lespri a pouse yo; epi pa gen kondanasyon nan ba-

gay sa a, epi ou resevwa Lespri a ^cpa mwayen lapriyè; se poutèt sa, san sa ap gen kondanasyon.

65 Se pou sèvitè m yo, Joseph Smith, pitit la, ak Sidney Rigdon chèche yon kay, jan m te aprann yo a, pa mwayen ^alapriyè avèk Lespri a.

66 Moun dwe simonte bagay sa yo pa mwayen pasyans, pou yo kapab resevwa yon pi gwo ^achay ^blaglwa etènèl, san sa, yon pi gwo kondanasyon. Amèn.

SEKSYON 64

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou ansyen yo ki nan Legliz la, nan Kirtland, Ohio, 11 Septanm 1831. Pwofèt la te prepare pou l demanaje ale nan Hiram, Ohio, pou l renouvle travay li nan tradiksyon Bib la, tradiksyon li te mete sou kote pandan l te nan Missouri. Yon gwoup frè ki te gen kòmandman pou yo vwayaje ale nan Siyon (Missouri) te angaje seryezman nan fè preparasyon pou yo pati an Oktòb. Nan tan okipasyon sa a, yo te resevwa revelasyon an.

1–11, Sen yo gen kòmandman pou youn padone lèt, pou yon pi gwo peche pa rete nan yo; 12–22, Yo dwe mennen moun ki pa repanti yo devan Legliz la; 23–25, Yon moun ki peye ladim, li p ap boule nan vini Senyè a; 26–32, Senyè a te avèti sen yo kont dèt; 33–36, Moun ki rebèl yo pral retranche soti nan Siyon; 37–40, Legliz la pral jije nasyon yo; 41–43, Siyon pral pwospere.

SENYÈ Bondye nou an di nou, gade, O, noumenm ansyen yo ki

nan legliz mwen an, koute epi tandè, epi resevwa volontè m konsènan noumenm.

2 Paske an verite m di nou, m vle nou ^agen viktwa sou mond lan; se poutèt sa m ap gen ^bkonpasyon pou nou.

3 Gen moun pami nou ki fè peche; men, an verite m di, pou fwa sa a, poutèt ^alaglwa pa m, epi pou sali nanm yo, m ^bpadone peche nou yo.

4 M ap gen mizèrikòd pou nou, paske m ba nou wayòm nan.

5 Epi m p ap wete ^akle mistè

64a GE Sen (adj).

b GE Reverans.

c D&A 42:14.

65a GE Priyè.

66a 2 Kor. 4:17.

b Wom. 8:18;

D&A 58:4;

136:31.

64 2a 1 Jn. 5:4.

b GE Konpasyon.

3a Moyiz 1:39.

b Eza. 43:25.

5a D&A 28:7; 84:19.

GE Kle prètèr la.

wayòm nan nan men sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, pa mwayen m te tabli yo, pandan l ap viv la, toutotan li obeyi ^bòdonans mwen yo.

6 Gen moun ki chèche akizasyon kont li san kòz;

7 Men, li te fè peche; sepandan, m di nou, mwenmenm Senyè a, m “padone peche moun ki ^bkonfese peche yo devan m epi ki mande padon, ki pa t peche pou ^clanmò.

8 Disip mwen yo nan tan lontan te chèche “akizasyon youn kont lòt, epi yo pa t padone youn lòt nan kè yo; epi poutèt mal sa a, yo te aflije epi m te ^bchatye yo anpil.

9 Se poutèt sa, m di nou, nou dwe “padone youn lòt; paske yon moun ki pa ^bpadone peche frè l, li kondane devan Senyè a; paske pi gwo peche a rete nan li.

10 Mwenmenm Senyè a, m ap “padone moun m vle padone, men, pou nou menm se yon egzijans pou nou ^bpadone tout moun.

11 Epi nou dwe di nan kè nou—se pou Bondye “jije ant mwen menm avèk nou, epi pou l rekonpanse nou dapre ^bzèv nou yo.

12 Epi yon moun ki pa repanti nou peche l yo, epi ki pa konfese yo, nou dwe mennen l devan

“legliz la, epi trete l jan ekriti yo di nou, dapre kòmandman oubyen dapre revelasyon.

13 Epi nou dwe fè sa pou Bondye kapab glorifye—se pa paske nou pa padone moun, paske nou pa gen konpasyon, men, pou nou kapab jistifye devan je lalwa, pou nou kapab pa ofanse moun ki te ba nou lalwa a—

14 An verite m di, se pou rezon sa a nou dwe fè bagay sa yo.

15 Gade, mwenmenm Senyè a, m te fache kont moun ki te sèvitè m nan, Ezra Booth, ak sèvitè m nan, Isaac Morley, paske yo pa t respekte lalwa a, ni kòmandman a;

16 Yo te chèche move bagay nan kè yo, epi mwen menm Senyè a, m te wete Lespri m. Yo te “kondane bagay ki pa t move; men, m padone sèvitè m nan, Isaac Morley.

17 Epi tou sèvitè m nan “Edward Partridge, gade li te fè peche, epi ^bSatan ap chèche detwi nanm li; men, lè m fè yo konnen bagay sa yo epi yo repanti pou mal la, m ap padone yo.

18 Epi kounyeya, an verite, m di, li nesesè pou sèvitè m nan, Sidney Gilbert, apre kèk semèn, retounen nan travay li, ak nan responsablite li nan peyi Siyon an;

19 Epi pou l fè disip yo konnen

5b GE Òdonans yo.

7a GE Padon;
Remisyon peche yo.

b Nonb 5:6-7;
D&A 19:20; 58:43.
GE Konfese,
konfesyon.

c D&A 76:31-37.

8a GE Kontansyon.

b GE Chatye, chatiman.

9a Mak 11:25-26;
D&A 82:1.

b Mat. 6:14-15;
Efe. 4:32.

10a Egz. 33:19; Alma 39:6;
D&A 56:14.

b Mozya 26:29-31.

11a 1 Sam. 24:12.

b 2 Tim. 4:14.

12a D&A 42:80-93.

16a 2 Ne. 15:20;
D&A 121:16.

17a GE Partridge, Edward.
b GE Dyab.

sa l te wè ak sa l te tande, pou yo pa peri. Epi se pou rezon sa a m te pale bagay sa yo.

20 Epi ankò, m di ou, sèvitè m nan Isaac Morley pa dwe “tante plis pase sa li kapab sipòte, epi pou l konseye nan yon move fason, m te bay kòmandman pou vann fèm li a.

21 M pa vle sèvitè m nan, Frederick G. Williams vann fèm li a, paske mwenmenm Senyè a, m vle gen yon gwo ranfò nan peyi Kirtland nan pou yon peryòd senk lane, pandan tan sa a m p ap chavire mechan yo, pou m kapab sove kèk ladan yo.

22 Epi apre jou sa a, mwenmenm Senyè a, m p ap sonje “erè okenn moun ki monte nan peyi Siyon avèk yon kè ouvè; paske mwenmenm Senyè a, m reklame ^bkè pitit lèzòm yo.

23 Gade, sa m rele “jodi a, se peryòd ki separe nou avèk ^bvini Pitit Gason Lòm nan, epi an verite se yon jou pou “sakrifis, epi yon jou pou ladim pèp mwen an; paske yon moun ki “peye ladim li p ap “boule lè l vini.

24 Paske apre jodi a pral gen “dife—sa se dapre pawòl Senyè a—paske an verite m di konsa, demen tout ^blògey yo ak moun ki fè mechanste yo pral tankou

pay; epi m pral boule yo, paske m se Senyè tout Lane yo; epi m p ap epanye okenn moun ki rete nan “Babilòn.

25 Se poutèt sa, si nou kwè m n ap travay pandan l jodi a.

26 Epi li pa nesesè pou sèvitè m yo, “Newel K. Whitney ak Sidney Gilbert ta vann ^bmagazen yo ak posesyon yo isit la; paske se pa saj jistan rès manm legliz yo ki rete nan kote sa a monte nan peyi Siyon an.

27 Gade, sa byen di nan lalwa mwen yo, oubyen li entèdi pou nou fè “dèt nan men ènmi nou yo;

28 Men gade, pa gen anyen ki di nenpòt lè Senyè a pa dwe pran lè lide l di l, epi peye jan l vle.

29 Se poutèt sa, kòm nou se ajan, nou nan sèvis Senyè a; epi nenpòt bagay nou fè dapre volonte Senyè a se travay Senyè a.

30 Epi li voye nou pou nou pran swen sen li yo nan dènye jou sa yo, pou yo kapab jwenn yon “eritaj nan peyi Siyon an.

31 Epi gade, mwenmenm Senyè a m deklare nou, epi “pawòl mwen yo asire, yo p ap ^bmanke, y ap resevwa l.

32 Men, tout bagay dwe fèt nan tan pa yo.

20a GE Tantasyon, tante.

22a GE Remòd.
b Egz. 35:5;
D&A 59:15; 64:34.

23a D&A 45:6;
64:24–25.
b GE Dezyèm Vini Jezikri.
c GE Sakrifis.
d Mal. 3:10–11.

GE Dim, dizyèm.
e Mal. 4:1;
3 Ne. 25:1;
I—JS 1:37.

24a Eza. 66:15–16.
GE Mond—Finisman mond lan;
Tè—Netwayaj tè a.
b Mal. 3:15;
2 Ne. 12:12; 23:11.
GE Lògèy.

c D&A 1:16.
GE Babèl, Babilòn.
26a GE Whitney,
Newel K.
b D&A 57:8.
27a GE Dèt.
30a D&A 63:48.
31a Mak 13:31;
2 Ne. 31:15;
D&A 1:37–38.
b D&A 76:3.

33 Se poutèt sa, pa “sispann fè byen, paske n ap poze fondasyon yon gwo travay, epi se nan ^bti bagay, sa ki gran soti.

34 Gade, Senyè a “vle yon ^bkè ak yon panse ki gen bon volonte; epi moun ki gen bon volonte epi ki “obeyisan pral manje bon bagay ki nan tè Siyon an nan dènye jou sa yo.

35 Epi “rebèl yo pral ^bretranche nan tè Siyon an, m pral voye yo ale epi yo p ap eritye tè a.

36 Paske, an verite m di, moun ki rebèl yo pa fè pati san “Efrayim, se poutèt sa yo pral derasinen.

37 Gade, mwenmenm Senyè a, m te fè legliz mwen an nan dènye jou yo tankou yon jij ki chita sou yon kolin, oubyen sou yon kote ki wo pou l jije nasyon yo.

38 Paske se pral konsa, abitan Siyon yo pral “jije tout bagay ki gen rapò avèk Siyon.

39 Epi yo pral sonde mantè yo ak ipokrit yo, epi moun pral konnen sa ki pa “apot ak pwofèt yo.

40 Epi menm “evèk si la a ki se yon ^bjij, ak konseye l yo, si yo pa fidèl nan “responsablite yo, y ap kondane, epi ^alòt moun pral chita nan plas yo.

41 Paske, gade, m di nou, “Siyon pral pwospere, epi ^blaglwa Senyè a pral sou li;

42 Epi l ap yon “anblèm pou pèp yo, epi moun pral soti nan chak nasyon anba syèl la pou vini ladan l.

43 Epi jou a pral vini pou nasyon yo ki sou “tè a tranble poutèt li, epi yo pral gen lakrent poutèt moun tèrib li yo. Senyè a te di sa. Amèn.

SEKSYON 65

Revelasyon sou lapriyè Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Hiram, Ohio, 30 Oktòb 1831.

1–2, *Bondye bay lòm sou tè a kle wayòm li a, epi kòz levanjil la pral triyonfe; 3–6, Wayòm milenyòm syèl la pral vini pou l mete ansanm avèk wayòm Bondye a sou tè a.*

KOUTE, epi gade, yon vwa tankou vwa yon moun yo te voye desann soti anlè a, ki pisan epi ki gen pouvwa, ki prale nan tout kwen tè a, wi, epi vwa l pral di

33a Gal. 6:9.
b D&A 123:16.

34a Miche 6:8.
b Det. 32:46;
Joz. 22:5;
Mòm. 9:27.
GE Kè.

c Eza. 1:19.
GE Obeyi, obeyisan,
obeyisans.

35a GE Rebelyon.

b D&A 41:5; 50:8–9;
56:3.
GE Ekskominikasyon.

36a Det. 33:16–17.

38a Eza. 2:3–4;
D&A 133:21.

39a Apok. 2:2.

GE Apot.

40a GE Evèk.
b D&A 58:17;
107:72–74.

c GE Entandan,
entandans.

d D&A 107:99–100.

41a GE Siyon.

b D&A 45:67;
84:4–5; 97:15–20.

GE Glwa.

42a GE Banyè.

43a Eza. 60:14;
D&A 97:19–20.

lèzòm—^aPrepare chemen Senyè a a, plati chemen li a.

2 Bondye bay lòm sou tè a ^akle ^bwayòm li a, epi se la levanjil la pral dewoule pou ale nan tout kwen tè a, tankou ^cwòch ki de-kole soti sou mòn nan san okenn men pa pouse l woule desann, jistan l ^dranpli tout tè a.

3 Wi, yon vwa k ap rele—Prepare chemen Senyè a, prepare ^asoupe Ti Mouton an, fè preparasyon pou ^bLemarye a.

4 Priye Senyè a, rele non sen li a, fè konnen bèl travay li yo pami pèp la.

5 Rele Senyè a, pou wayòm li a

kapab ale sou tè a, pou abitan yo ki sou tè a kapab resevwa l, epi pou yo pare pou jou ki pral vini yo, lè ^aPitit Gason Lòm nan pral desann soti nan syèl la, ^babiye nan klète ^claglwa li a, pou l ran-kontre ^dwayòm Bondye a ki etabli sou tè a.

6 Se poutèt sa, se pou ^awayòm Bondye a mache, pou ^bwayòm syèl la kapab vini, pou noumenm, Bondye, kapab glorifye nan syèl la menm jan avèk sou tè a, pou ènmi nou yo kapab soumèt; paske se pou ^cou onè a, pouvwa a ak laglwa a ye pou tout tan. Amèn.

SEKSYON 66

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Hiram, Ohio, 29 Oktòb 1831. William E. McLellin te mande Senyè a an prive pou te fè l konnen, palentèmedyè Pwofèt la, repons pou senk kesyon, ke Joseph Smith pa t konnen. Sou demann McLellin, Pwofèt la te mande Senyè a epi l te resevwa revelasyon sa a.

1–4, *Alyans etènèl la se plenitid levanjil la; 5–8, Ansyen yo dwe preche, temwaye, epi rezone avèk pèp la; 9–13, Sèvis ministè ki fidèl asire yon eritaj lavi etènèl.*

GADE, senyè a di sèvitè m nan, William E. McLellin konsa, gade—Ou beni, Senyè Redanmtè w la, Sovè mond lan di, toutotan

ou abandone inikite w yo, epi ou resevwa verite m yo, menm tout moun ki ^akwè nan non mwen.

2 An verite, m di ou, ou beni poutèt ou resevwa ^aalyans etènèl mwen an, plenitid levanjil mwen an menm, m te voye bay pitit lèzòm yo, pou yo kapab gen ^blavi epi pou yo kapab vin patisipe nan laglwa ki pral revele nan

65 1a Eza. 40:3; Mat. 3:3;
Jan 1:23.
2a Mat. 16:19;
D&A 42:69.
GE Kle prèttriz la.
b D&A 90:1–5.
c Dan. 2:34–45.
d Sòm 72:19.
GE Danyèl—
Liv Danyèl la;

Dènne jou yo.
3a Mat. 22:1–14;
Apok. 19:9;
D&A 58:11.
b GE Lemarye.
5a Mat. 24:30.
b Sòm 93:1.
c GE Glwa.
d Dan. 2:44.
6a GE Wayòm

Bondye oubyen
wayòm syèl la.
b Apok. 11:15.
c 1 Kwo. 29:11;
Mat. 6:13.
66 1a Jan 1:12.
GE Kwayans, kwè.
2a GE Nouvo
alyans etènèl.
b Jan 10:10; 3 Ne. 5:13.

dènye jou yo, jan pwofèt ak apot ansyen tan yo te ekri l la.

3 An verite, m di ou, sèvitè m nan, William, ou pwòp, men, pa totalman; se poutèt sa, repanti nan bagay ki pa fè je m plezi yo, paske Senyè a di, l ap “montre ou yo.

4 Epi kounyeya, an verite, mwenmenm Senyè a, m ap montre w kisa m vle konsènan ou, oubyen kisa ki volonte m konsènan ou.

5 Gade, an verite m di ou, se volonte m pou ou “pwoklame levanjil mwen an soti nan yon peyi ale nan yon lòt, soti nan yon vil ale nan yon lòt, wi, nan rejyon alantou yo kote l pa t ko pwoklame.

6 Pa rete pou anpil jou nan kote sa a, pa ko monte nan peyi Siyon an, men, toutotan ou kapab voye moun, voye moun; san sa, pa panse sou pwopriyete w la.

7 “Ale nan peyi lès yo, ^brann temwayaj nan chak kote, devan chak moun epi nan sinagòg yo, rezone avèk moun yo.

8 Kite sèvitè m nan, Samuel H.

Smith ale avèk ou, epi pa abandone l, epi ba l enstriksyon ou yo; epi yon moun ki fidèl, m ap fè l vin “fò nan tout kote; epi mwen menm Senyè a, m pral avèk ou.

9 “Poze men ou sou moun ki malad yo, epi y ap ^bgeri. Pa retounen jistan mwen menm Senyè a, m voye ou. Gen pasyans nan afliksyon. “Mande, epi w ap resevwa; frape epi y ap louvri pou ou.

10 Pa chèche ankonbre ou. Abandone tout enjistis. Pa komèt “adiltè—se yon tantasyon ki twouble ou.

11 “Respekte pawòl sa yo, paske yo vrè epi yo fidèl; ou dwe mayifye ofis ou a, epi pouse anpil moun ale nan ^bSiyon avèk ^ckantik lajwa etènèl sou tèt yo.

12 “Kontinye nan bagay sa yo menm jiska lafen, epi w ap gen yon ^bkouwòn lavi etènèl bò kote dwat Papa m, ki plen lagras ak verite.

13 An verite, Senyè “Bondye w la, Redanmtè w la, Jezikri menm di sa. Amèn.

SEKSYON 67

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Hiram, Ohio, nan kòmansman Novanm 1831. Okazyon an sete yon konferans espesyal, epi yo t ap anvizaje publikasyon revelasyon yo Pwofèt la te deja resevwa nan men Senyè a (gade nan antèt seksyon 1 an). William W. Phelps te fèk etabli biwo laprès pou enprime bagay Legliz yo nan Independence,

3a Jakòb 4:7; Etè 12:27.

5a Mak 16:15.

7a D&A 75:6.

^b GE Temwayaj.

8a D&A 52:17; 133:58.

9a GE Administrasyon pou malad; Men, Enpozisyon.

^b Mat. 9:18.

GE Geri, gerizon.

^c Jak 1:5.

10a GE Adiltè.

11a D&A 35:24.

^b D&A 11:6.

^c Eza. 35:10;

D&A 45:71.

GE Chante.

12a 2 Tim. 3:14–15;

2 Ne. 31:20.

^b Eza. 62:3; Mat. 25:21;

1 Pyè 5:4.

13a GE Bondye, Divinite—Bondye, Pitit Gason an.

Missouri. Yo te deside nan konferans la pou pibliye revelasyon ki te nan Book of Commandments yo epi pou yo te enprime 10.000 kopi (ki, poutèt difikilte yo pa t prevwa alavans, te redui a 3.000 kopi nan apre). Anpil nan frè yo te rann temwayaj solanèl pou fè konnen revelasyon yo ki te konpile pou publikasyon lè sa a, te vrè, jan Sentespri ki te vide sou yo a te temwaye. Istwa Joseph Smith la rapòte ke apre l te fin resevwa revelasyon ki nan seksyon 1 an, te gen kèk konvèsasyon negatif konsènan langaj ki te itilize nan revelasyon yo. Revelasyon sa a te vini apre sa.

1–3, *Senyè a tande priyè ansyen yo epi l voye je sou yo*; 4–9, *Li bay moun ki pi saj la defi pou l pwodui yon revelasyon ki parèy ak pi piti nan revelasyon Li yo*; 10–14, *Lespri a pral chanje ansyen ki fidèl yo epi yo pral wè figi Bondye*.

GADE epi koute, noumenm “ansyen yo ki nan Legliz mwen an, ki rasanble ansanm, m te tande priyè nou yo, epi m konnen kè nou, epi dezi nou te monte devan mwen.

2 Gade, “je m sou nou, epi syèl la ak tè a nan men mwen, epi richès letènite yo se pa m pou m bay.

3 Nou te prese kwè, nou dwe resevwa benediksyon m te ofri nou yo; men, gade, an verite, m di nou te gen “lakrent nan kè nou, epi an verite, se poutèt rezon sa a nou pa t resevwa.

4 Epi kounyeya, mwen menm Senyè a, m ba nou yon “temwayaj konsènan verite ki nan kòmandman sa yo ki plase devan nou yo.

5 Je nou te sou sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, nou te konnen “langaj li, epi nou te konnen enpèfeksyon l yo, epi nou te

chèche konesans nan kè nou pou nou kapab eksprime pi byen pase langaj li; epi nou te konnen bagay sa a tou.

6 Kounyeya, chèche nan Liv Kòmandman yo, chèche menm pi piti ki pami yo a, epi chwazi moun ki pi “saj pami nou an;

7 Oubyen, si gen nenpòt moun pami nou ki kapab fè youn tankou l, lè sa a n ap jistifye pou nou di nou pa konnen yo se verite;

8 Men, si nou pa kapab fè youn tankou l, nou anba kondanasyon si nou pa “rann temwayaj pou fè konnen yo se verite.

9 Paske, nou konnen pa gen enjistis ladan yo, epi bagay ki “jis soti anlè a, nan men Papa^b limyè yo.

10 Epi ankò, an verite, m di nou, se privilèj nou, epi nou ki te òdone pou ministè sa a ki fè konnen, m fè yon pwomès si toutotan nou debarase nou avèk “jalouzi ak^b lakrent, epi nou gen “imilite devan mwen, paske, nou pa gen ase imilite, “vwal la ap ekate epi n ap “wè m epi n ap konnen m egziste—se pa avèk panse chanèl ni natirèl, men, avèk panse espiritiyèl.

67 1a GE Ansyen, Èldè.
2a Sòm 34:15.
3a GE Krent, krentif.
4a GE Temwayaj;
Verite.
5a D&A 1:24.

6a 2 Ne. 9:28–29, 42.
8a GE Temwen.
9a Mowo. 7:15–18.
b Jak 1:17;
D&A 50:24;
84:45; 88:49.

10a GE Jalou, jalouzi.
b GE Krent, krentif.
c GE Enb, imilite.
d GE Vwal.
e D&A 88:68;
93:1; 97:16.

11 Paske, okenn “moun nan okenn epòk pa wè Bondye nan kò fizik la, san Lespri Bondye pa chanje l.

12 Ni tou, okenn moun “nati-rèl pa kapab reziste nan prezans Bondye, ni avèk panse chanèl.

13 Nou pa kapab reziste nan prezans Bondye kounyeya, ni

ministè zanj yo; sepandan, kontinye nan “pasyans jistan nou vin ^bpafè.

14 Pa kite panse nou yo tounen dèyè; epi lè nou “diy, lè tan pa m rive, nou pral wè epi nou pral konnen bagay ki te konfere sou nou anba men sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, a. Amèn.

SEKSYON 68

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Hiram, Ohio, 1 Novanm 1831, kòm repons pou siplikasyon pou Senyè a te fè konnen panse l konsènan Orson Hyde, Luke S. Johnson, Lyman E. Johnson, ak William E. McLellin. Malgre yon pati nan revelasyon sa a te adrese a kat mesye sa yo, yon bon valè nan revelasyon an aplikab pou tout Legliz la. Revelasyon sa a te elaji sou direksyon Joseph Smith lè l te pibliye nan edisyon 1835 Doktrin ak Alyans yo.

1–5, Lè Sentespri a anime an-syen yo, pawòl yo se ekriti; 6–12, Ansyen yo dwe preche epi batize moun, epi siy pral suiv vrè kwayan yo; 13–24, Premyene yo ki pami pitit gason Aawon yo kapab sèvi kòm Evèk Prezidan an (ki vle di, kenbe kle prezidans la kòm evèk) sou direksyon Premye Prezidans la; 25–28, Paran yo resevwa kòmandman pou yo ansenye pitit yo levanjil la; 29–35, Sen yo dwe obsève Saba a, yo dwe travay avèk dilijans epi yo dwe priye.

SÈVITÈ m nan, Orson Hyde, te resevwa apèl pa òdinasyon pou l pwoklame levanjil etènèl la, avèk

“Lespri Bondye vivan an, soti nan yon pèp ale nan yon lòt, soti nan yon peyi ale nan yon lòt, nan asanble mechan yo, nan sinagòg yo, pou rezone avèk yo epi pou eksplike yo tout ekriti yo.

2 Epi gade, se yon egzanp pou tout moun ki òdone nan prèttriz sa a, ki resevwa misyon pou yo ale—

3 Epi se egzanp la sa pou yo, yo pral “pale dapre jan Sentespri a anime yo.

4 Epi nenpòt bagay yo pral pale lè “Sentespri a anime yo se pral ekriti, se pral volonte Senyè a, se pral panse Senyè a, se pral pawòl Senyè a, se pral vwa Senyè a, ak ^bpouvwa Bondye pou sali a.

11a TJS Egz. 33:20, 23
(Apendis);
Jan 1:18; 6:46;
TJS 1 Jn. 4:12
(Apendis);
D&A 84:19–22;
Moyiz 1:11, 14.

12a Mozya 3:19.
GE Lòm natirèl.
13a Wom. 2:7.
GE Pasyans.
b Mat. 5:48;
3 Ne. 12:48.
14a GE Diy, diyite.

68 1a GE Sentespri.
3a 2 Pyè 1:21;
D&A 18:32;
42:16; 100:5.
4a GE Revelasyon;
Sentespri.
b Wom. 1:16.

5 Gade, se pwomès Senyè a fè nou, noumenm sèvitè m yo.

6 Se poutèt sa, fè kè nou kon-tan, epi pa “krenn, paske mwen menm Senyè a, m avèk nou, epi m ap kanpe bò kote nou; epi nou dwe rann temwayaj konsènan mwen, Jezikri menm, pou fè konnen m se Pitit Gason Bondye vivan an, m te egziste, m egziste epi m gen pou m vini.

7 Se pawòl Senyè a pou nou, sèvitè m nan “Orson Hyde, ak sèvitè m nan Luke Johnson, ak sèvitè m nan Lyman Johnson, ak sèvitè m nan William E. McLellan, ak tout lòt ansyen ki fidèl nan legliz mwen an—

8 “Ale nan tout mond lan, ^bpreche chak ^ckreyati levanjil la, aji avèk ^dotorite m te ba nou an, ^ebatize moun nan non Papa a, ak Pitit Gason an, ak Sentespri a.

9 Epi yon ^amoun ki kwè epi ki batize ap ^bsove, epi yon moun ki pa kwè, l ap ^cdane.

10 Epi yon moun ki kwè ap beni avèk ^asiy k ap suiv li, jan sa ekri a.

11 Epi m ap fè nou konnen siy tan yo, ak ^asiy aparisyon Pitit Lòm nan yo;

12 Epi konsènan tout moun Papa a rann nou temwayaj, n ap resevwa pouvwa pou nou ^asele yo nan lavi etènèl. Amèn.

13 Epi kounyeya, konsènan lòt

bagay ki gen rapò avèk alyans ak kòmandman yo, men sa yo ye—

14 Apre sa, nan tan pa Senyè a, pral genyen lòt ^aevèk yo ki òdone pou legliz la, pou administrateur menm jan avèk premye a;

15 Se poutèt sa y ap ^agran prèt ki di, e se ^bPremye Prezidans Prèttriz Mèlkisedèk la ki ap lonmen yo, eksepte si yo se desandan literal ‘Aawon.

16 Epi si yo se desandan literal ‘Aawon, yo gen yon dwa legal pou yo episkopa, si yo se premye ne pami pitit gason Aawon yo.

17 Paske, premye ne a gen dwa prezidans sou prèttriz sa a, ak ^akle oubyen otorite prèttriz sa a.

18 Pèsonn pa gen dwa legal nan ofis sa a, pou l gen kle prèttriz sa a, eksepte si l se yon ^adesandan literal ak yon premye ne Aawon.

19 Men, menm jan yon ^agran prèt nan Prèttriz Mèlkisedèk la gen otorite pou l ofisye nan tout ofis ki pi piti yo, li kapab ofisye nan ofis ^bevèk la lè okenn desandan literal Aawon pa la, depi yo mete l apa epi yo òdone l nan pouvwa sa a, anba men Premye Prezidans Prèttriz Mèlkisedèk la.

20 Epi Prezidan sa a dwe deziye yon desandan literal Aawon, li dwe diy, yo dwe ^akon-sakre l, epi li dwe ^bòdone anba

6a Eza. 41:10.

7a GE Hyde, Orson.

8a D&A 1:2; 63:37.

b GE Preche;

Travay misyonè.

c Mak 16:15.

d GE Otorite.

e GE Batèm, batize.

9a Mak 16:16; D&A 20:25.

b GE Sali.

c GE Danasyon, dane.

10a GE Siy.

11a GE Siy tan yo.

12a D&A 1:8; 132:49.

GE Sele, sèlman.

14a GE Evèk.

15a D&A 72:1.

b GE Premye Prezidans.

c GE Aawon, frè

Moyiz la.

16a D&A 107:15–17.

GE Prèttriz Aawon an.

17a GE Kle prèttriz la.

18a Egz. 40:12–15;

D&A 84:18;

107:13–16, 70–76.

19a GE Gran prèt.

b GE Evèk.

20a GE Wen.

b GE Òdinasyon, òdone.

men Prezidan sa a, san sa li pa otorize legalman pou l ofisye nan prèttriz li a.

21 Men, akoz dekrè konsènan dwa li genyen nan prèttriz la, ki soti nan papa a ale nan pitit gason an, li kapab reklame konsekrasyon li a nenpòt lè li kapab pwouve desandans li a, oubyen verifye l pa mwayen revelasyon Senyè a anba men Prezidan la.

22 Epi ankò, pa gen okenn evèk oubyen gran prèt yo mete apa pou ministè sa a k ap pase anba jijman oubyen k ap kondane pou okenn krim, eksepte devan ^aPremye Prezidans legliz la.

23 Toutotan yo rekonèt li kou-pab devan Prezidan sa a, avèk yon temwayaj ki pa kapab demanti, yo dwe kondane l;

24 Epi si l repanti, y ap ^apadone l, dapre alyans ak kòmandman legliz la.

25 Epi ankò, toutotan ^aparan yo gen pitit nan Siyon, oubyen nan nenpòt lòt ^bpye ki òganize nan Siyon, ki pa ^aanseye yo pou yo konprann doktrin repantans la, lafwa nan Kris la, Pitit Gason Bondye vivan an, ak batèm, ak don Sentespri a pa enpozisyon men lè yo gen ^auitan, san sa, ^epeche a ap sou tèt paran yo.

26 Paske, se ap yon lalwa pou

abitan ^aSiyon yo, oubyen nan nenpòt lòt ^bpye Siyon yo ki òganize.

27 Epi pitit yo ap ^abatize pou ^bpadon peche yo lè yo gen ^cuitan, epi y ap resevwa pa enpozisyon men.

28 Epi yo dwe ansenye pitit yo ^apriye, pou yo mache dwat devan Senyè a.

29 Epi abitan Siyon yo dwe obseve jou ^aSaba a pou yo kenbe l sen.

30 Epi abitan Siyon yo dwe sonje travay yo tou, toutotan yo anplwaye pou yo travay, nan tout fidelite; paske Senyè a ap kenbe moun ki parese yo nan memwa l.

31 Kounyeya, mwen menm Senyè a, m pa kontan avèk abitan Siyon yo, paske gen ^aparese pami yo; epi tou pitit yo ap grandi nan ^bmechanste; yo p ap ^cchèche richès letènite yo avèk senserite, men, je yo chaje avèk avaris.

32 Bagay sa yo pa dwe fèt, epi yo dwe efase pami yo; se poutèt sa, se pou sèvitè m nan, Oliver Cowdery pote pawòl sa yo nan peyi Siyon an.

33 Epi m ba yo yon kòmandman—yon moun ki pa respektè ^apriyè l devan Senyè a nan sezon sa a, fè l ^bsonje l nan jijman devan jij pèp mwen an.

22a GE Premye Prezidans.

24a GE Padon.

25a GE Fanmi—Responsablite paran yo.

b GE Pye.

c GE Ansenye, enstriktè.

d D&A 18:42; 20:71.

e Jakòb 1:19;

D&A 29:46–48.

26a GE Siyon.

27a GE Batèm, batize.

b GE Remisyon

peche yo.

c GE Responsab, responsablite.

28a GE Priyè.

29a D&A 59:9–12.

GE Jou Saba.

31a GE Endolan, Endolans.

b GE Mechan, mechanste.

c D&A 6:7.

33a GE Priyè.

b GE Chatye, chatiman;

Jij, jijman.

34 ^aPawòl sa yo vrè epi yo fi-
dèl; se poutèt sa, pa transgrese
yo, ni tou pa ^bwete ladan yo.

35 Gade, m se ^aAlfa ak Omega,
epi m ap ^bvini rapid rapid.
Amèn.

SEKSYON 69

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Hiram, Ohio, 11 Novanm 1831. Yo te apwouve konpilasyon revelasyon yo ki te planifye pou premye piblikasyon an nan konferans espesyal 1–2 Novanm nan tou. Nan 3 Novanm, yo te ajoute revelasyon sa a ki parèt kòm seksyon 133 a, ke yo te rele Apendis nan apre. Yo te deja lonmen Oliver Cowdery pou l te pote orijinal revelasyon ki te konpile yo ak kòmandman yo nan Independence, Missouri, pou yo enprime l. Li te gen pou l pote lajan yo te rasanble tou pou bati legliz Missouri a. Revelasyon sa a bay John Whitmer enstriksyon pou l akonpaye Oliver Cowdery epi l bay Whitmer enstriksyon tou pou l vwayaje epi al chèche kolekte materyèl istorik nan kad apèl li kòm istoryen ak sekretè Legliz la.

1–2, John Whitmer dwe akonpaye Oliver Cowdery ale Missouri; 3–8, Li dwe preche tou, epi koleksyone, anrejistre, epi ekri enfòmasyon istorik.

SENYÈ Bondye w la di, koute m, pou byen sèvitè m nan, ^aOliver Cowdery. Se pa saj pou konfyè l avèk kòmandman yo ak lajan li pral pote ale nan peyi Siyon an, eksepte si yon moun ki vrè epi ki fidèl ale avèk li.

2 Se poutèt sa, mwen menm Senyè a, m vle pou sèvitè m nan, ^aJohn Whitmer, t ale avèk sèvitè m nan Oliver Cowdery;

3 Epi tou pou l kontinye ekri ^aistwa tout bagay enpòtan li obseve epi li konnen konsènan legliz mwen an;

4 Epi tou pou l resevwa ^akonsèy

ak asistans nan men sèvitè m nan, Oliver Cowdery ak lòt moun.

5 Epi tou, sèvitè m yo ki gaye sou tè a dwe voye rapò sou ^aresponsablite yo nan peyi Siyon an;

6 Paske peyi Siyon an pral yon syèj ak yon kote pou m resevwa epi pou fè tout bagay.

7 Sepandan, se pou sèvitè m nan, John Whitmer vwayaje anpil fwa, soti yon kote ale nan yon lòt, epi soti nan yon legliz ale nan yon lòt, pou l kapab jwenn konsepsans pi fasil—

8 Pou l preche epi eksplike, ekri, kopye, seleksyone, epi pou l jwenn tout bagay ki pou byen legliz la, epi pou jenerasyon k ap leve yo, ki pral grandi sou tè ^aSiyon an, pou posede l depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon, pou tout tan. Amèn.

34a Apok. 22:6.

b D&A 20:35; 93:24–25.

35a GE Alfa ak Omega.

b D&A 1:12.

69 1a GE Cowdery, Oliver.

2a GE Whitmer, John.

3a D&A 47:1–3; 85:1.

4a GE Konsèy (non).

5a GE Entandan,

entandans.

8a GE Siyon.

SEKSYON 70

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resewa, nan Hiram, Ohio, 12 Novanm 1831. Istwa Pwofèt la te ekri a fè konnen te gen kat konferans espesyal ki te fèt soti premye rive 12 Novanm. Nan dènye asanble sa yo, yo te konsidere gran enpòtans revelasyon ki t ap vin pibliye apre kòm Book of Commandments yo, epi yo te rele l Doktrin ak Alyans nan apre. Revelasyon sa a te resewa apre konferans lan te fin vote ke revelasyon yo “te gen valè richès tout Tè a pou Legliz la.” Istwa Joseph Smith la fè referans ak revelasyon yo kòm “fondasyon Legliz la nan dènye jou yo, epi yon benefis pou mond lan, pou montre Bondye te konfyè lòm kle mistè wayòm Sovè nou an ankò.”

1-5, Responsablite bay pou pibliye revelasyon yo; 6-13, Moun k ap travay nan bagay espirityèl yo diy pou pozisyon an; 14-18, Sen yo dwe egal nan bagay tanporèl.

GADE epi koute, O, noumenm abitan Siyon yo, epi tout moun nan legliz mwen an ki rasanble lwen, epi tande pawòl Senyè a m te bay sèvitè m nan Joseph Smith, pitit la, ak sèvitè m nan Martin Harris, ak sèvitè m nan Oliver Cowdery, ak sèvitè m nan John Whitmer, ak sèvitè m nan Sidney Rigdon, epi tou ak sèvitè m nan William Phelps, dapre kòmandman m te ba yo.

2 Paskè m ba yo yon kòmandman; se poutèt sa, koute epi tande, paske men sa Senyè a di yo—

3 Mwen menm Senyè a m te lonmen yo, epi m te òdone yo pou yo “responsab pou revelasyon ak kòmandman m te ba yo, epi m pral ba yo apre sa;

4 Epi m pral mande yo rapò sou responsablite sa a nan jou jijman an.

5 Se poutèt sa, m te lonmen yo, epi se travay yo nan legliz Bondye a, pou yo anchaje responsablite sa yo ak sousi ki gen ladan yo, wi, ak benefis yo.

6 Se poutèt sa, m ba yo kòmandman pou yo pa bay legliz la ni mond lan bagay sa yo;

7 Men, toutotan yo resewa plis pase sa ki nesesè pou bezwen yo ak sa yo vle, se pou yo bay “magazen m nan li.

8 Epi benefis yo pral konsakre pou abitan Siyon yo, ak jenerasyon yo, toutotan yo vin tounen “eritye dapre lalwa wayòm nan.

9 Gade, se sa Senyè a mande nan men chak moun nan “responsablite l, jan mwen menm Senyè a m te lonmen oubyen m pral lonmen nenpòt moun apre sa.

10 Epi gade, pa gen okenn eksepsyon nan lalwa sa a pou moun ki nan legliz Bondye vivan an;

11 Wi, ni evèk la, ni “ajan ki anchaje magazen Senyè a, ni yon moun ki te lonmen nan responsablite tanporèl.

12 Yon moun ki lonmen pou l

70 3a 1 Kor. 4:1;
D&A 72:20.
7a D&A 72:9-10.

8a D&A 38:20.
9a GE Entandan,
entandans.

11a D&A 57:6.

administre bagay espiritiyèl, moun sa a “diy pou pozisyon an, menm jan avèk moun ki lonmen pou administre nan bagay tanporèl yo;

13 Wi, plis an kantite, yon kantite ki miltipliye pou yo pa mwayen manifestasyon Lespri a.

14 Men, ou dwe “egal nan bagay tanporèl ou yo, san bougonnen, san sa, m ap wete abondans manifestasyon Lespri a.

15 Kounyeya, m bay sèvitè m yo “kòmandman sa a pou benefis yo pandan yo la, pou manifestasyon benediksyon m yo sou

tèt yo, epi pou rekonpans, ^bdilijans yo epi pou sekirite yo;

16 Pou manje epi pou “rad; pou yon eritaj; pou kay epi pou tè yo, nan nenpòt sikonstans mwen menm Senyè a, m plase yo, epi nenpòt kote mwen menm Senyè a, m voye yo.

17 Paske yo te fidèl nan “anpil bagay, epi yo te fè byen toutotan yo pat peche.

18 Gade, mwen menm Senyè a, m gen “mizèrikòd epi m ap beni yo, epi yo pral antre nan jwa bagay sa yo. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 71

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la ak Sidney Rigdon te resevwa, nan Hiram, Ohio, 1e Desann 1831. Pwofèt la te kontinye tradui Bib la avèk Sidney Rigdon kòm grefye l jistan yo te resevwa revelasyon sa a, epi nan moman sa a yo te mete l sou kote tanporèman pou yo te kapab akonpli enstriksyon ki te ladan l yo. Frè yo te resevwa kòmandman pou yo ale preche pou yo kapab diminye santiman negatif ki te devlope kont Legliz la kòm rezilta piblikasyon kèk lèt Ezra Booth, yon aposta, te ekri.

1–4, *Senyè a voye Joseph Smith ak Sidney Rigdon pwoklame levanjil la; 5–11, ènmi Sen yo pral tonbe nan konfizyon.*

SENYÈ Bondye a di noumenm sèvitè m yo, Joseph Smith, pitit la, ak “Sidney Rigdon konsa, gade, lè a rive an verite epi li nesèsè pou nou louvri bouch nou pou nou ^bpwoklame levanjil mwen an, bagay wayòm nan, pou nou eksplike “mistè wayòm nan ki nan ekriti yo, dapre pòsyon ak

pouvwa Lespri a nou resevwa, jan m vle.

2 An verite, m di nou, pwoklame devan mond lan nan rejjyon alantou yo, epi nan legliz la tou, pou yon sezon, jistan m fè nou konnen.

3 An verite se misyon m ba nou pou yon epòk.

4 Se poutèt sa, travay nan jaden m nan, rele abitan yo ki sou tè a, rann temwayaj, epi pare chemen an pou kòmandman ak revelasyon ki pral vini yo.

12a Lik 10:7.

14a D&A 49:20.

GE Konsakre, lwa
konsekrasyon.

15a Det. 10:12–13.

b GE Dilijans.

16a D&A 59:16–20.

17a Mat. 25:21–23.

18a GE Mizèrikòd.

71 1a GE Rigdon, Sidney.

b GE Travay misyonè.

c D&A 42:61, 65.

5 Kounyeya, gade, men lasajès; nenpòt moun ki li, kite l “konprann epi ^bresevwa tou.

6 Paske yon moun ki resevwa, m ap ba li pouvwa plis an “abondans.

7 Se poutèt sa “konfonn ènmi nou yo; rele yo pou yo ^brankontre nou an piblik, an prive; epi toutotan nou fidèl, y ap wont piblikman.

8 Se poutèt sa, kite yo pote gwo rezònman yo kont Senyè a.

9 Senyè a di nou, an verite—pa gen okenn “zam ki fòme kont nou k ap pwospere;

10 Si nenpòt moun leve vwa l kont nou, l ap tonbe nan konfiyasyon lè tan pa m rive.

11 Se poutèt sa, respekte kòmandman m yo; yo vrè epi yo fidèl. Amèn.

SEKSYON 72

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland, Ohio, 4 Desanm 1831. Plizyè ansyen ak manm legliz la te rasanble pou yo aprann devwa yo epi pou yo edifye plis nan ansèyman Legliz la. Seksyon sa a se yon konpilasyon twa revelasyon yo te resevwa nan menm jou a. Vèsè 1 jiska 8 la fè konnen apèl Newel K. Whitney kòm evèk. Apre sa yo te aple l epi òdone li, epi apre sa yo te resevwa vèsè 9 jiska vèsè 23 yo, ki te bay enfòmasyon adisyonèl konsènan devwa yon evèk. Epi apre sa, yo te bay vèsè 24 rive 26 yo, ki te bay enstriksyon konsènan rasanbleman nan Siyon an.

1–8, Ansyen yo dwe rann evèk la rapò sou responsablite yo; 9–15, Evèk la jere magazen an epi l pran swen pòv yo ak moun ki nan bezwen yo; 16–26, Evèk yo dwe sètifye diyite ansyen yo.

KOUTE epi tande vwa Senyè a, O, noumenm ki rasanble ansanm, “gran prèt yo ki nan legliz mwen an, m te bay ^bwayòm nan ak pouvwa a.

2 Paske, Senyè a di, an verite, se nesèsè pou mwen pou nou gen yon “evèk, oubyen lonmen

yon evèk, pou legliz la nan zòn sa a nan jaden Senyè a.

3 Epi an verite, nan bagay sa a nou te aji avèk lasajès, paske Senyè a mande pou chak moun ki “responsab bay ^brapò sou “responsablite l, ni kounyeya ni nan letènite.

4 Paske yon moun ki fidèl epi ki “saj kounyeya ap konsidere kòm diy pou l eritye ^bkay yo Papa m te pare pou li yo.

5 An verite, m di nou, ansyen yo ki nan legliz la, ki nan pati sa a nan “jaden m nan dwe bay

5a GE Konpreyansyon.

b Alma 12:9–11.

6a Mat. 13:12.

7a Moyiz 7:13–17.

b D&A 63:37; 68:8–9.

9a Eza. 54:17.

72 1a D&A 68:14–19.

b GE Wayòm

Bondye oubyen

wayòm syèl la.

2a GE Evèk.

3a GE Entandan,

entandans.

b D&A 42:32; 104:11–13.

c Lik 19:11–27.

4a Mat. 24:45–47.

b D&A 59:2.

5a GE Jaden Senyè a.

evèk la yon rapò sou responsablite yo, evèk m pral lonmen nan pati sa a ki nan jaden m nan.

6 Bagay sa yo dwe ale sou rejis, pou ale nan men evèk ki nan Siyon an.

7 Epi kòmandman m te bay yo ak vwa konferans la pral fè nou konnen devwa “evèk la.

8 Epi kounyeya, an verite, m di nou, sèvitè m nan “Newel K. Whitney se moun ki dwe lonmen epi ki dwe òdone nan pou vwa sa. Se volonte Senyè Bondye w la, Redanmtè w la. Se konsa sa ye. Amèn.

9 Men pawòl Senyè a, ajoute sou lalwa li te bay, lè l te fè konnen devwa evèk li te lonmen pou legliz la nan pati jaden sa a—

10 Kenbe “magazen Senyè a; resevwa kòb legliz la nan pati jaden sa a;

11 Pran rapò nan men ansyen yo jan Senyè a te kòmande avan an; epi “administrateur bezwen moun ki pral peye pou sa yo te resevwa yo, toutotan yo gen mwayen pou yo peye;

12 Pou sa kapab konsakre pou byen legliz la tou, pou pòv yo ak moun ki nan bezwen yo.

13 Epi yon moun ki pa “gen mwayen pou l peye, yon rapò dwe fèt, pou yo pote bay evèk Siyon an, ki dwe peye dèt la avèk sa Senyè a mete nan men l.

14 Epi travay moun fidèl yo ki travay nan bagay espiryèl yo, ki administrateur levanjil la ak bagay ki nan wayòm yo pou legliz

la, epi pou mond lan, dwe peye dèt evèk ki nan Siyon an.

15 Konsa, pèman soti nan legliz la, paske daprè “lwa a, tout moun ki monte vin nan Siyon dwe mete tout bagay devan evèk ki nan Siyon an.

16 Epi kounyeya, an verite m di nou, kòm chak ansyen ki nan pati jaden sa a dwe bay evèk ki nan pati jaden sa a yon rapò sou responsablite l—

17 Yon “sètifika nan men jij oubyen evèk la nan pati jaden sa a pou pote bay evèk nan Siyon an, pou yon eritaj, epi pou yo akseptè kòm yon “responsab ki saj epi yon travayè fidèl;

18 San sa, evèk ki nan Siyon an p ap akseptè l.

19 Epi kounyeya, an verite, m di nou, se pou chak ansyen k ap bay evèk ki nan pati jaden sa a yon rapò resevwa rekòmandasyon nan men legliz la oubyen legliz yo kote l ap travay la, pou l kapab apwouve nan tout bagay.

20 Epi ankò, se pou sèvitè m yo ki gen responsablite sou zafè “edikasyon legliz la reklame asistans nan men evèk la oubyen evèk yo nan tout bagay—

21 Pou “revelasyon yo kapab pibliye, epi pou y ale nan tout kwen tè a; pou yo kapab jwenn kòb pou avantaj legliz la nan tout bagay;

22 Pou yo kapab apwouve tèt yo nan tout bagay, epi pou yo konsidere kòm responsab ki saj.

23 Epi kounyeya, gade, sa dwe

7a D&A 42:31; 46:27;

58:17–18; 107:87–88.

8a GE Whitney, Newel K.

10a D&A 70:7–11; 78:3.

GE Magazen.

11a D&A 75:24.

13a GE Pòv.

15a D&A 42:30–31.

GE Konsakre, lwa
konsekrasyon.

17a D&A 20:64, 84.

b D&A 42:32.

20a D&A 70:3–5.

21a GE Doktrin ak
Alyans yo.

sèvi egzanp pou tout branch legliz mwen an, kèlkeswa kote yo etabli. Epi kounyeya, m fin pale pawòl mwen yo. Amèn.

24 Kèk mo pou ajoute sou lalwa wayòm nan, konsènan manm yo ki nan legliz la—moun Lespri a “lonmen pou monte nan Siyon an, ak moun ki gen privilèj pou monte nan Siyon—

25 Se pou yo pote yon sètifika ki soti nan men twa ansyen nan legliz la, oubyen yon sètifika ki soti nan men evèk la bay evèk Siyon an;

26 San sa, moun ki monte nan peyi Siyon an p ap konsidere kòm yon responsab ki saj. Sa se yon egzanp tou. Amèn.

SEKSYON 73

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la ak Sidney Rigdon te resevwa, nan Hiram, Ohio, 10 Janvye 1832. Depi nan premye pati mwa Desanm ki te pase a, Pwofèt la ak Sidney te angaje nan preche, epi nan fason sa a, anpil bagay te akonpli pou diminye move santiman ki t ap leve kont legliz la (gade nan antèt seksyon 71 la).

1–2, Ansyen yo dwe kontinye preche; 3–6, Joseph Smith ak Sidney Rigdon dwe kontinye tradui Bib la jiskaske l fini.

PASKE an verite, Senyè a di, se nesèsè pou mwen pou “yo kontinye preche levanjil la, epi pou egzòte legliz yo nan rejyon alantou yo jistan konferans la fèt;

2 Epi apre sa, gade, “vwa konferans la pral fè yo konnen, dife-ran misyon yo.

3 Senyè a di, kounyeya, an verite m di nou, sèvitè m yo,

Joseph Smith, pitit la, ak Sidney Rigdon, se “nesèsè pou nou ^btradui ankò;

4 Epi toutotan sa posib, pou nou preche rejyon alantou yo jistan konferans la; epi apre sa li enpòtan pou nou kontinye travay tradiksyon an jistan l fini.

5 Epi se pou sa sèvi kòm modèl pou ansyen yo jistan m pale ankò, jan sa ekri a.

6 Kounyeya, m pa ba nou plis pou kounyeya. “Mare senti nou epi fè tèt nou klè. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 74

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Konte Wayne,

24a GE Aple, Bondye te aple, apèl.
73 1a svd lòt yo ki te nan misyon; gade nan D&A 57–68.

2a D&A 20:63.
3a svd Joseph ak Sidney te kòmande pi bonè pou yo sispan tradwi Bib la epi preche levanjil.

D&A 71:2.
b D&A 45:60–61; 76:15.
GE Tradiksyon Joseph Smith (TJS).
6a 1 Pyè 1:13.

nan New York, an 1830. Menm anvan òganizasyon Legliz la, te gen kesyon ki te poze sou pi bon fason pou fè batèm, sa ki te fè Pwofèt la t al chèche repons sou sijè a. Istwa Joseph Smith la rapòte ke revelasyon sa a se yon eksplikasyon sou 1 Korentyen 7:14, yon ekriti yo te souvan itilize pou jistifye batèm timoun piti.

1-5, Pòl konseye Legliz nan epòk li a pou yo pa kenbe lalwa Moyiz la; 6-7, Timoun piti yo sen epi yo sanktifye pa mwayen Ekspyasyon an.

YON madanm sanktifye yon mari “enkwayan, epi yon mari sanktifye yon madanm enkwayan; san sa pitit yo pa t ap sen, men kounyeya, yo sen.

2 Kounyeya, nan epòk apot yo lalwa sikonsizyon an te egziste pami tout Juif ki pa t kwè nan levanjil Jezikri a.

3 Epi se te konsa yon gwo “chirepit te leve pami pèp la konsènan lalwa ^bsikonsizyon an, paske, mari ki enkredil yo te vle pou pitit li yo ta sikonsi epi pou yo vin soumèt anba ^alalwa Moyiz la ki te deja akonpli.

4 Epi se te konsa pitit yo ki te vin soumèt anba lalwa Moyiz la te aksepte “tradisyon zansèt yo, epi yo pa t kwè nan levanjil Kris la, konsa yo te vin pa sen.

5 Se poutèt sa, pou rezon sa a, apot la te ekri legliz la, li te ba yo yon kòmandman, ki pa soti nan men Senyè a, men, nan men pa li, pou kwayan yo pa “fè tèt ansanm avèk enkwayan yo, eksepte si ^blalwa Moyiz la fini pami yo,

6 Pou pitit yo kapab rete san sikonsizyon; pou tradisyon ki te di timoun piti yo pa sen an kapab fini; paske li te pami Juif yo;

7 Men, “timoun piti yo ^bsen, paske yo “sanktifye pa mwayen ^aekspyasyon Jezikri a; epi se sa ekriti yo vle di.

SEKSYON 75

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Amherst, Ohio, 25 Janvye 1832. Seksyon sa a gen de revelasyon separe (premye a nan vèsè 1 jiska 22 epi dezyèm nan apati vèsè 23 jiska 36) yo te resevwa menm jou a. Okazyon an sete yon konferans kote yo te soutni Joseph Smith epi li te òdone kòm Prezidan Gran Prèttriz la. Gen kèk ansyen ki te vle aprann plis detay konsènan devwa imedyat yo. Yo te resevwa revelasyon sa yo.

1-5, Ansyen ki fidèl yo ki preche levanjil la ap jwenn lavi etènèl;

6-12, Priye pou ou resevwa konsolatè a, ki ansenye tout bagay;

74 ^{1a} 1 Kor. 7:14-19.
^{3a} Tra. 15:1-35; Gal. 2:1-5.
^b GE Sikonsizyon.
^c GE Lwa Moyiz.
^{4a} GE Tradisyon.

5a GE Maryaj, marye—
 Maryaj kwayans
 diferan.
^b 2 Ne. 25:24-27.
^{7a} Mowo. 8:8-15;

D&A 29:46-47; 137:10.
^b GE Sen (adj).
^c GE Sali—Sali timoun.
^d GE Ekspyasyon,
 ekspye.

13-22, *Ansyen yo pral chita nan ijman kont moun ki rejte mesaj yo a*; 23-36, *Fanmi misyonè yo dwe resevwa èd nan men Legliz la.*

AN verite, an verite, m di nou, m pale avèk ^avwa Lespri m nan menm, ^bAlfa ak Omega a menm, Senyè ak Bondye nou an—

2 Koute, O, noumenm ki te bay non nou pou ale pwoklame levanjil mwen an, epi pou nou ^asekle ^bjaden m nan.

3 Gade, m di nou, se volonte m pou nou ale epi pou nou pa rete, ni fè ^aparès, men, pou nou travay avèk pouvwa nou—

4 Pou nou leve vwa nou, kòm si se avèk vwa yon twonpèt, pou nou ^apwoklame ^bverite a dapre revelasyon ak kòmandman m te ba nou yo.

5 Epi konsa, si nou fidèl n ap rekonpanse avèk anpil ^azepi, epi n ap ^bkouwone avèk ^conè, ak ^dlaglwa, ak ^eimòtalite, ak ^flavi etènèl.

6 Se poutèt sa, an verite, m di nou, sèvitè m nan William E. McLellan, m ^awete apèl m te ba ou pou ale nan peyi lès yo;

7 Epi m ba li yon nouvo apèl ak yon nouvo kòmandman, pou mwen menm Senyè a, ^achatye l poutèt li te ^bplenyen nan kè l;

8 Epi li te fè peche; men, m padone l epi m di l ankò, Ale nan peyi sid yo.

9 Epi se pou sèvitè m nan, Luke Johnson ale avèk li pou l pwoklame bagay m te kòmande l yo—

10 Pou yo rele non Senyè a pou ^aKonsolatè a, ki pral ansenye yo tout bagay ki nesèsè pou yo—

11 Pou yo ^apriye tout tan pou yo pa fayi; epi toutotan yo fè sa, m ap avèk yo menm jiska lafen.

12 Gade, se volonte Senyè Bondye w la konsènan ou. Se konsa sa ye. Amèn.

13 Epi ankò, an verite, Senyè a di, se pou sèvitè m nan ^aOrson Hyde ak sèvitè m nan ^bSamuel H. Smith fè yon vwayaj ale nan peyi lès yo, epi pou yo pwoklame bagay m te kòmande yo; epi toutotan yo fidèl, gade, m ap ^aavèk yo jiska lafen.

14 Epi ankò, an verite, m di sèvitè m nan Lyman Johnson, ak sèvitè m nan ^aOrson Pratt, yo dwe fè yon vwayaj nan peyi lès yo tou; epi gade, m avèk yo tou, menm jiska lafen.

15 Epi ankò, m di sèvitè m nan Asa Dodds, ak sèvitè m nan Calves Wilson yo dwe fè yon vwayaj nan peyi lwès yo tou pou yo pwoklame levanjil mwen an, jan m te kòmande yo a.

16 Epi moun ki fidèl ap gen pouvwa sou tout bagay, epi l ap ^aleve nan dènje jou yo.

75 1a GE Revelasyon.

b Apok. 1:8.

GE Alfa ak Omega.

2a Jakòb 5:62.

b GE Jaden Senyè a.

3a GE Endolan,

Endolans.

4a GE Travay misyonè.

b D&A 19:37.

5a Sòm 126:6;

Alma 26:5.

b GE Kouwòn.

c GE Onè.

d GE Glwa.

e GE Imòtalite, imòtèl.

f GE Lavi etènèl.

6a D&A 66.

7a GE Chatye,

chatiman;

b GE Mimire;

Panse (lide).

10a Jan 14:26.

GE Konsolatè.

11a 2 Ne. 32:9.

13a GE Hyde, Orson.

b GE Smith,

Samuel H.

c Mat. 28:19-20.

14a GE Pratt, Orson.

16a D&A 5:35.

17 Epi ankò, m di sèvitè m nan Major N. Ashley, ak sèvitè m nan Burr Riggs pou yo fè yon vwayaj nan peyi sid la.

18 Wi, epi se pou tout moun sa yo fè yon vwayaj, jan m te kòmande yo a, pou yo soti nan yon kay ale nan yon lòt, nan yon vilaj ale nan yon lòt, epi nan yon vil ale nan yon lòt.

19 Epi nan nenpòt kay nou antre, si yo resevwa nou, kite benediksyon nou sou kay sa a.

20 Epi nan nenpòt kay nou antre, si yo pa resevwa nou, nou dwe pati kite kay sa a rapid rapid, epi “souke pousyè a soti nan pye nou yo kòm yon temwayaj kont yo;

21 Epi nou pral ranpli avèk “lajwa ak kontantman; epi konnen sa, nan jou jijman an n ap ^bjij kay sa a, epi nou pral kondane yo;

22 Epi sa pral pi sipòtab pou moun ki ate yo nan jou jijman an pase pou kay sa a; se poutèt sa, “mare senti nou, epi nou dwe fidèl, epi n ap gen viktwa sou tout bagay, epi n ap leve nan dènye jou a. Se konsa sa ye. Amèn.

23 Epi ankò, Senyè a di nou, O, noumenm ansyen yo ki nan legliz mwen an, ki te bay non nou pou nou kapab konnen volonte l konsènan nou—

24 Gade, m di nou, se devwa legliz la pou l ede nan sipòte fanmi moun sa yo ki te aple a

epi ki dwe ale nan mond lan pou pwoklame levanjil la bay mond lan.

25 Se poutèt sa, mwen menm Senyè a, m ba nou kòmandman pou nou jwenn kote pou fanmi nou, toutotan frè nou yo vle louvri kè yo.

26 Epi se pou tout moun ki kapab jwenn kote pou fanmi yo, ak sipò nan men legliz la pou yo pa manke ale nan mond lan, ni nan lès oubyen nan lwès, ni nan nò oubyen nan sid.

27 Se pou yo mande epi y ap resevwa, frape epi y ap louvri pou yo, epi anlè ap fè yo konnen, menm pa lantremiz “Kon-solatè a, ki kote pou yo ale.

28 Epi ankò, an verite, m di nou, tout moun ki oblije “pran swen pwòp ^bfanmi l, se pou l pran swen l, epi nan okenn fason, li p ap pèdi kouwòn li; epi se pou l travay nan legliz la.

29 Se pou chak moun “djanm nan tout bagay. Epi ^bparese p ap gen plas yo nan legliz la, eksepte si yo repanti epi repare tèt yo.

30 Se poutèt sa, se pou sèvitè m nan Simeon Carter ak sèvitè m nan Emer Harris reyini nan ministè a;

31 Epi ak sèvitè m nan Ezra Thayre ak sèvitè m nan “Thomas B. Marsh;

32 Epi sèvitè m nan Hyrum Smith ak sèvitè m nan Reynolds Cahoon;

20a Mat. 10:14;
Lik 10:11–12;
D&A 24:15; 60:15.

21a Mat. 5:11–12.
b GE Jij, jijman.

22a Efe. 6:14;

D&A 27:15–18.

27a 2 Ne. 32:5;

D&A 8:2.

GE Sentespri.

28a 1 Tim. 5:8;

D&A 83:2.

b GE Fanmi.

29a GE Dilijans.

b GE Endolan,
Endolans.

31a GE Marsh,
Thomas B.

33 Epi sèvitè m nan Daniel Stanton ak sèvitè m nan Seymour Brunson;

34 Epi sèvitè m nan Sylvester Smith ak sèvitè m nan Gideon Carter;

35 Epi sèvitè m nan Ruggles Eames ak sèvitè m nan Stephen Burnett;

36 Epi sèvitè m nan Micah B. Welton ak sèvitè m nan Eden Smith. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 76

Yon vizyon Joseph Smith, Pwofèt la ak Sidney Rigdon te resevwa nan Hiram, Ohio, 16 Fevriye 1832. Pou fè prefas anrejistremant vizyon sa a, istwa Joseph Smith la deklare: “Lè m te retounen soti nan konferans Amherst la, m te rekòmanse tradiksyon Ekriti yo. Atravè anpil revelasyon ki te gen tan resevwa deja, sa te aparant ke moun te retire nan Bib la anpil pwèn enpòtan ki touche sali lòm, oubyen yo te pèdi anvan Bib la te konpile. Li te evidan, dapre rès verite ki te rete nan Bib la, si Bondye rekonpanse chak moun dapre zèv yo fè nan kò fizik la, mo ‘Syèl’ la, jan l te parèt kòm kay etènèl Sen yo, dwe genyen plis pase yon sèl wayòm. Konsa, . . . pandan nou t ap tradui Levanjil Sen Jan an, mwen menm ak Èldè Rigdon te fè vizyon sa a.” Se pandan Pwofèt la t ap tradui Jan 5:29 la, li te resevwa vizyon sa a.

1–4, Senyè a se Bondye; 5–10, Mistè wayòm yo pral revele pou tout fidèl yo; 11–17, Tout moun pral leve nan rezirèksyon moun ki jis yo oubyen moun ki pa jis yo; 18–24, Abitan ki nan anpil mond yo se pitit gason ak pitit fi Bondye atravè Ekspyasyon Jezikri a; 25–29, Yon zanj Bondye te tonbe epi l te vin tounen dyab la; 30–49, Pitit gason pèdisyon yo soufri danasyon etènèl; tout lòt moun pral gen yon degre sali; 50–70, Laglwa ak rekonpans èt egzalte yo nan wayòm selès la dekri; 71–80, Moun ki pral eritye wayòm terès yo dekri; 81–113, Pozisyon moun ki nan laglwa telès, terès ak selès yo eksplike; 114–119, Moun ki

fidèl yo kapab wè epi yo kapab konprann mistè yo ki nan wayòm Bondye a avèk pouwa Lespri Sen an.

“TANDE, O, noumenm syèl yo, epi louvri zòrèy, O, ou menm tè a, epi noumenm abitan ki nan kote sa yo, rejwi, paske Senyè a se ^bBondye, epi apre l ‘pa gen okenn “Sovè.

2 Lasajès li “gwo, chemen li yo ^bmèveye, epi pèsonn pa kapab konnen dimansyon aksyon li yo.

3 “Objektif li yo pa echwe, ni tou pa gen okenn moun ki kapab bloke men li.

4 Depi nan letènite jouk nan

76 1a Eza. 1:2.

b Jer. 10:10.

GE Bondye,

Divinite—Bondye,

Pitit Gason an.

c Eza. 43:11; Oze 13:4.

d GE Sovè.

2a 2 Ne. 2:24;

D&A 38:1–3.

b Apok. 15:3.

3a 1 Wa 8:56;

D&A 1:38; 64:31.

letènite, li se “menm nan, epi ane l yo pa janm ^bfini.

5 Paské Senyè a di—mwennenm Senyè a m gen “mizèrikòd epi m fè lagras pou moun ki ^bkrenn mwen epi m pran plèzi pou onore moun ki “sèvi m nan lajistis ak verite jiska lafen.

6 Rekonpans yo pral gran epi “laglwa yo pral etènèl.

7 Epi m ap “revele yo tout ^bmistè, wi tout mistè kache yo ki nan wayòm mwen an depi nan tan lontan, ak nan tan k ap vini yo, m ap fè yo konnen bon plezi m ak volonte m konsènan tout bagay ki gen rapò avèk wayòm mwen an.

8 Wi, y ap konnen menm mèvyè letènite yo, epi m ap montre yo bagay ki pral vini, menm bagay anpil jenerasyon.

9 Epi “lasajès yo pral gwo, epi ^bkonpreyansyon yo pral touche syèl la; epi lasajès moun ki saj yo pral “peri devan yo, epi konpreyansyon moun ki pridan yo p ap anyen.

10 Paské “Lespri m pral ^bklere yo, epi avèk “pouvwa m, m ap fè yo konnen sekrè volonte m—wi, bagay sa yo menm je moun pa “wè, ni zòrèy pa tande, ni tou ki pa t ko antre nan kè lòm.

11 Noumenm, Joseph Smith, pitit la, ak Sidney Rigdon, pandan nou te “nan Lespri a nan sèzyèm jou mwa Fevriye ki nan ane Senyè nou an, mil ywisan trannde—

12 Avèk pouvwa “Lespri a, ^bje nou yo te louvri epi konpreyansyon nou te klere pou nou te kapab wè epi konprann bagay Bondye yo.

13 Bagay ki te menm la depi anvan mond lan te egziste, bagay Papa a te òdone pa mwayen Sèl Pitit Gason Literal li a, ki te nan lestomak Papa a, menm depi nan “kòmansman;

14 Nou rann temwayaj konsènan li; epi temwayaj nou rann nan se plenitud levanjil Jezikri a, ki se Pitit Gason an nou te wè a, epi nou te “pale avèk li nan ^bvizyon selès la.

15 Paské, pandan nou t ap fè travay “tradiksyon an Senyè a te ba nou an, nou te rive nan ventevyèm vèsè ki nan senkyèm chapit liv Jan an, epi nou te resevwa l konsa—

16 Pou pale konsènan rezirèksyon mò yo, konsènan moun yo ki pral “tande vwa ^bPitit Gason Lòm nan:

17 Epi ki pral leve; moun ki te

4a Ebre 13:8;
D&A 35:1; 38:1–4;
39:1–3.

b Sòm 102:25–27;
Ebre 1:12.

5a Egz. 34:6; Sòm 103:8.
GE Mizèrikòd.

b Det. 6:13;
Joz. 4:23–24.
GE Krent, krentif;
Reverans.

c D&A 4:2.

6a GE Glwa selès.

7a D&A 42:61; 59:4;
98:12; 121:26–33.

b GE Mistè Bondye yo.

9a GE Sajès.

b GE Konpreyansyon.

c Eza. 29:14;

2 Ne. 9:28–29.

10a Mowo. 10:5.

b GE Revelasyon;
Temwayaj.

c GE Pouvwa.

d Eza. 64:4; 1 Kor. 2:9;

3 Ne. 17:15–17;

D&A 76:114–116.

11a Apok. 1:10.

12a GE Transfigirasyon.

b D&A 110:1; 137:1;
138:11, 29.

13a Moyiz 4:2.

14a D&A 109:57.

b GE Vizyon.

15a GE Tradiksyon
Joseph Smith (TJS).

16a Jan 5:28.

b GE Pitit gason
lòm nan.

fè ^abyen yo, nan ^brezirèksyon moun ki te ^cjis yo; epi moun ki te fè mal yo, nan rezirèksyon moun ki te enjis yo.

18 Bagay sa a te fè nou emèveve, paske se Lespri a ki te ba nou l.

19 Epi pandan nou t ap ^amedite sou bagay sa yo, Senyè a te touche je konpreyansyon nou epi yo te louvri, epi laglwa Senyè a te briye toutotou nou.

20 Epi nou te wè ^alaglwa Pitit Gason an bò kote ^bdwat ^cPapa a, epi nou te resevwa tout limenm;

21 Epi nou te wè ^azanj ki sen yo ak moun ki te ^bsanktifye yo devan twòn li a, ki t ap ^cadore Bondye ak Ti Mouton an, ki adore l pou tout tan.

22 Epi konnyeya, apre tout kantite ^atemwayaj ki te rann konsènan li, sa a se temwayaj la, denye nan tout, nou fè konsènan li pou fè konnen: Li ^bvivan!

23 Paske nou te ^awè l, bò kote dwat ^bBondye menm; epi nou te tandè vwa a ki t ap rann temwayaj pou fè konnen li se ^cSèl Pitit Literal Papa a—

24 Epi avèk ^ali, epi pa mwayen li, epi nan li ^bmond yo te egziste epi yo te kreye, epi abitan ki nan

mond yo se ^cpitit gason ak pitit fi Bondye.

25 Epi nou te wè bagay sa a tou, epi nou rann temwayaj pou fè konnen, yon ^azanj Bondye ki te gen otorite nan prezans Bondye, ki te revòlte kont Sèl Pitit Gason Literal la ke Papa a te renmen an epi ki te andedan Papa a, yo te pouse l desann soti nan prezans Bondye ak Pitit Gason an,

26 Epi yo te rele li Pèdisyon, paske syèl yo te kriye poutèt li—se te ^aLisifè, yon pitit gason maten an.

27 Nou te gade, epi gade, li te ^atonbe! tonbe, pitit gason maten an menm!

28 Epi pandan nou te toujou nan Lespri a, Senyè a te kòmande nou pou nou ekri vizyon an; paske nou te wè Satan, ansyen ^asèpan an, ^bdyab la menm, ki te ^crevòlte kont Bondye a, epi ki te chèche pran wayòm Bondye nou an ak Kris li a—

29 Se poutèt sa, li fè ^alagè kont sen Bondye yo, epi li antoure yo tout kote.

30 Epi nou te fè vizyon soufrans moun li te fè lagè avèk yo a epi li te gen viktwa sou yo a,

17a GE Zèv.

b GE Rezirèksyon.

c Tra. 24:15.

19a GE Medite.

20a GE Jezikri—
Glwa Jezikri.

b Tra. 7:56.

c GE Bondye, Divinite—
Bondye Papa a.

21a Mat. 25:31;

D&A 130:6–7; 136:37.

b GE Sanktifikasyon.

c GE Adorasyon.

22a GE Temwayaj.

b D&A 20:17.

23a GE Jezikri—Aparisyon
Kris la apre lanmò l.

b GE Bondye, Divinite—
Bondye Papa a.

c Jan 1:14.

GE Sèl pitit literal.

24a Ebre 1:1–3;

3 Ne. 9:15;

D&A 14:9; 93:8–10.

b Moyiz 1:31–33; 7:30.

GE Kreyasyon, kreye.

c Tra. 17:28, 29;

Ebre 12:9;

GE Pitit gason ak
pitit fi Bondye.

25a D&A 29:36–39;

Moyiz 4:1–4.

GE Dyab.

26a Eza. 14:12–17.

GE Lisifè.

27a Lik 10:18.

28a Apok. 12:9.

b GE Dyab.

c GE Lagè nan syèl.

29a Apok. 13:7;

2 Ne. 2:18; 28:19–23.

paske, men jan vwa Senyè a te vin jwenn nou:

31 Senyè a di, konsènan tout moun ki konnen pouvwa m yo, epi ki te patisipe ladan l, epi ki kite pouvwa dyab la gen ^aviktwa sou yo, epi ki nye verite a, epi ki defye pouvwa m—

32 Se moun sa yo ki se ^apitit ^bpèdisyon yo, konsènan yo, m di li t ap pi bon pou yo pa t janm fèt la;

33 Paske yo se vèsèl kòlè, ki kondane pou yo soufri kòlè Bondye, avèk dyab la epi avèk zanj li yo nan letènite;

34 Konsènan yo m te di konsa pa gen ^apadon nan mond sa a ni nan mond k ap vini an—

35 Paske yo te ^anye Sentespri a apre yo te fin resevwa l, epi yo te nye Sèl Pitit Gason Literal Papa a, yo te ^bkrisifye l pou tèt pa yo epi yo te fè l wont an piblik.

36 Se moun sa yo ki prale nan ^alak dife ak souf la, avèk dyab la epi avèk zanj li yo—

37 Epi se sèl moun dezyèm ^alanmò a pral gen pouvwa sou yo;

38 Wi, an verite, se ^asèl moun ki p ap rachte lè tan Senyè a rive, apre yo fin soufri kòlè l.

39 Paske tout rès yo pral ^aleve nan ^brezirèksyon mò yo, pa mwayen triyonf laglwa ^cTi Mouton an, yo te touye a, ki te andedan Papa a anvan mond yo te kreye.

40 Epi sa se ^alevanjil la, bon nouvèl vwa ki te soti nan syèl la te rann nou temwayaj—

41 Pou fè konnen, li te vini nan mond la, Jezi menm, pou mond lan te kapab ^akrisifye l, epi pou l ^bpote peche ^cmond lan, epi pou l ^dsanktifye mond lan, epi pou l ^enetwaye l anba tout enjistis.

42 Pou tout moun kapab ^asove pa mwayen li, tout moun Papa a te mete anba pouvwa l yo, epi ki te kreye pa mwayen limenm;

43 Ki glorifye Papa a epi ki sove tout zèv men li yo; eksepte pitit pèdisyon yo ki nye Pitit Gason an apre Papa a te fin revele l.

44 Se poutèt sa, li sove tout moun eksepte yo—yo prale nan ^apinisyon ^betènèl, ki se pinisyon san fen, ki se pinisyon etènèl, pou yo renye avèk ^cdyab la epi avèk zanj li yo nan letènite, kote ^dvè kò yo p ap mouri epi dife a ki se touman yo p ap etenn—

31a GE Apostazi.

32a GE Pitit pèdisyon yo.

b D&A 76:26;
Moyis 5:22-26.

34a Mat. 12:31-32.
GE Padon.

35a 2 Pyè 2:20-22;
Alma 39:6.
GE Peche enpadonab.

b Ebre 6:4-6;
1 Ne. 19:7;
D&A 132:27.

36a Apok. 19:20;
20:10; 21:8;
2 Ne. 9:16; 28:23;

Alma 12:16-18;
D&A 63:17.

37a GE Lanmò espiritiyèl.

38a GE Pitit pèdisyon yo.

39a svd rachte oubyen sove; gade nan vèsè 38. Tout moun ap resisite. Gade nan Alma 11:41-45.
GE Vivifye.

b GE Rezirèksyon.

c GE Jezikri.

40a 3 Ne. 27:13-22.
GE Levanjil;
Plan redanmsyon.

41a GE Krisifikasyon.

b Eza. 53:4-12;

Ebre 9:28.

c 1 Jn. 2:1-2.

d GE Sanktifikasyon.

e GE Redanmte,
restablisman,
redanmsyon.

42a GE Sali.

44a GE Danasyon, dane.

b D&A 19:6-12.

c GE Dyab.

d Eza. 66:24;
Mak 9:43-48.

45 Epi pèsonn pa konnen “finisman l, ni kote l ap ye, ni touman yo;

46 Ni tou li pa t revele, ni tou li pa revele, ni tou li p ap revele devan pèsonn eksepte moun ki prale ladan l yo;

47 Sepandan, mwen menm Senyè a, m montre anpil moun li nan vizyon, men, m fèmen l imedyatman ankò;

48 Se poutèt sa, yo pa konprann, bout li dimansyon l, lajè l, wotè l, “pwofondè l, ak mizè ki ladan l, ni okenn moun, eksepte moun yo ki ^btonbe anba ^ckondansyon sa a.

49 Epi nou te tande vwa a ki te di: Ekri vizyon an, paske gade, se finisman vizyon soufrans moun ki san Bondye yo.

50 Epi ankò nou rann temwayaj—paske nou te wè epi nou te tande, epi se “temwayaj levanjil Kris la konsènan moun yo ki pral leve nan ^brezirèksyon moun ki jis yo—

51 Se moun sa yo ki te resevwa temwayaj Jezi a, epi ki te “kwè nan non li, epi ki te ^bbatize dapre ^cfason li te antere a,

yo te ^dantere nan dlo nan non li, epi se dapre kòmandman li te ba yo a—

52 Epi lè yo respekte kòmandman yo pou yo kapab ^alave epi pou yo kapab ^bpwòp anba tout peche yo, epi pou yo resevwa Sentespri a pa enpozisyon ^cmen yon moun ki ^dòdone epi ki sele pou ^epouvwa sa a;

53 Epi ki gen viktwa avèk lafwa, epi Sentespri pwomès la te ^asele yo, ^bSentespri Papa a vide sou tout moun ki jis epi ki vrè yo.

54 Se moun sa yo ki se legliz ^aPremyene a.

55 Se nan men moun sa yo Papa a te mete ^atout bagay yo a—

56 Se moun sa yo ki ^aprèt ak wa, ki te resevwa nan plenitud li l ak laglwa li;

57 Epi yo se ^aprèt Bondye Ki Pi Wo a, dapre lòd Mèlkisedèk la, ki te dapre lòd ^bEnòk la, ki te dapre ^clòd Sèl Pitit Gason Literal la.

58 Se poutèt sa, jan sa te ekri a, yo se ^abondye, yo se pitit ^bgason ^cBondye a yo menm—

59 Se poutèt sa, ^atout bagay

45a D&A 29:28-29.

48a Apok. 20:1.

b svd santans, konsiy.

c Alma 42:22.

50a GE Temwayaj.

b GE Rezirèksyon.

51a D&A 20:25-27, 37.

b GE Batèm, batize.

c D&A 128:13.

d Wom. 6:3-5.

GE Batèm, batize—
Batèm pa imèsyon.

52a 2 Ne. 9:23;

Mowo. 8:25-26.

b GE Pi, pite.

c GE Don Sentespri;
Men, Enpozisyon.

d GE Òdinasyon, òdone.

e GE Otorite.

53a GE Sele, sèlman.

b Efe. 1:13;

D&A 88:3-5.

GE Sentespri

pwomès la.

54a Ebre 12:23;

D&A 93:21-22.

GE Premye ne,

premyene.

55a 2 Pyè 1:3-4;

D&A 50:26-28;

84:35-38.

56a Egz. 19:6;

Apok. 1:5-6; 20:6.

57a GE Prèt, prètriz

Mèlkisedèk.

b Jen. 5:21-24.

GE Enòk.

c D&A 107:1-4.

58a Sòm 82:1, 6;

Jan 10:34-36.

GE Lèzòm, lòm—

Lòm, gen potansyalite
pou vin tankou
Papa Bondye.

b GE Pitit gason ak
piti fi Bondye.

c D&A 121:32.

GE Bondye, Divinite.

59a Lik 12:42-44;

3 Ne. 28:10;

D&A 84:36-38.

pou yo, kit se lavi kit se lanmò, oubyen bagay kounyeya, oubyen bagay ki pral vini, tout bagay pou yo epi yo pou Kris la, epi Kris la pou Bondye.

60 Epi yo pral gen ^aviktwa sou tout bagay.

61 Se poutèt sa, pèsonn pa dwe chèche ^alaglwa nan moun, men okontrè, se pou l chèche ^blaglwa nan Bondye ki pral ^csoumèt tout ènmi yo anba pye l.

62 Moun sa yo pral ^arete nan ^bprezans Bondye ak Kris li a pou tout tan.

63 Se moun sa ^ayo li pral mennen avèk li, lè l ^bvini soti nan nyaj syèl la pou l ^creye sou tè a sou tèt pèp li a.

64 Se moun sa yo ki pral patisipe nan ^apremyè rezirèksyon an.

65 Se moun sa yo ki pral leve nan ^arezirèksyon moun ki jis yo.

66 Se moun sa yo ki vini sou ^aMòn ^bSiyon, ak nan vil Bondye vivan an, plas selès la, ki pi sen pase tout lòt yo.

67 Se moun sa yo ki te vini

ansanm ak yon kantite zanj moun pa ka konte, nan asanble jeneral legliz ^aEnòk la, ak legliz ^bPremye ne a.

68 Se moun sa yo ki gen non yo ^aekri nan syèl la, kote Bondye ak Kris la se ^bjij tout moun.

69 Se moun ki ^ajis sa yo ki te vin ^bpafè pa lantremiz Jezi, ki se mediyatè ^cnouvo alyans lan, ki te reyalize ^dekspyasyon pafè sa a atravè pwòp ^esan pa li ki te koule.

70 Se moun sa yo ki gen kò ^aselès, ki gen ^blaglwa yo tankou ^csolèy la, laglwa Bondye a menm, ki pi wo pase tout lòt, laglwa sa kote yo ekri solèy ki anlè a tankou l la.

71 Epi ankò, nou te wè mond ^aterès la, epi gade, se moun sa yo ki nan laglwa terès la, ki gen laglwa yo diferan pase laglwa legliz Premyene a, ki te resevwa tout bagay Papa a, menm jan laglwa ^blalin nan diferan avèk solèy la ki anlè a.

72 Gade, se moun sa yo ki mouri ^asan ^blalwa;

73 Epi moun sa yo se ^alespri

60a Apok. 3:5; 21:7.

61a Jan 5:41–44;

1 Kor. 3:21–23.

b 2 Ne. 33:6;

Alma 26:11–16.

GE Glwa.

c D&A 49:6.

62a Sòm 15:1–3; 24:3–4;

1 Ne. 15:33–34;

Moyiz 6:57.

b D&A 130:7.

GE Lavi etènèl.

63a D&A 88:96–98.

GE Dezyèm

Vini Jezikri.

b Mat. 24:30.

c D&A 58:22.

GE Jezikri—

Gouvènman

Milenyòm Kris la.

64a Apok. 20:6.

65a GE Rezirèksyon.

66a Eza. 24:23;

Ebre 12:22–24;

Apok. 14:1;

D&A 84:2; 133:56.

b GE Siyon.

67a D&A 45:9–12.

b Ebre 12:23;

D&A 76:53–54.

GE Premye ne,

premyene.

68a GE Liv lavi.

b GE Jezikri—Jij.

69a D&A 129:3; 138:12.

b Mowo. 10:32–33.

c GE Nouvo alyans etènèl.

d GE Ekspyasyon, ekspyè.

e GE San.

70a D&A 88:28–29;

131:1–4; 137:7–10.

GE Glwa selès.

b D&A 137:1–4.

c Mat. 13:43.

71a D&A 88:30.

GE Glwa terès.

b 1 Kor. 15:40–41.

72a D&A 137:7, 9.

b GE Lwa.

73a Alma 40:11–14.

GE Lespri.

lèzòm ki te rete nan ^bprizon yo, moun Pitit Gason an te vizite yo, epi li te ^cpreche yo ^dlevanjil la, pou yo kapab jije dapre moun ki nan lachè;

74 Ki pa t resevwa ^atemwayaj Jezi nan kò fizik la, men, ki te resevwa l apre sa.

75 Se moun sa yo ki gwo chabak sou tè a, moun sa yo riz lèzòm te avegle yo.

76 Se moun sa yo ki te rantre nan laglwa li, men, ki pa t resevwa l toutantye.

77 Se moun sa yo ki te rantre nan prezans Pitit Gason an, men, pa nan totalite Papa a.

78 Se poutèt sa, yo se ^akò terès, epi yo pa kò selès, epi yo diferan nan laglwa, menm jan lalin nan diferan avèk solèy la.

79 Se moun sa yo ki pa ^avanyan nan temwayaj Jezi yo; se poutèt sa, yo pa jwenn kouwòn nan wayòm Bondye nou an.

80 Epi kounyeya, se finisman vizyon wayòm terès la nou te fè a, epi Senyè a te kòmande nou pou nou ekri l pandan nou te toujou nan Lespri a.

81 Epi ankò, nou te wè laglwa wayòm ^atelès la ki gen pi piti laglwa a, menm jan laglwa zetwal yo diferan avèk laglwa lalin nan ki anlè a.

82 Se moun sa yo ki pa t resevwa levanjil Kris la, ni ^atemwayaj Jezi a.

83 Se moun sa yo ki pat nye Sentespri a.

84 Se moun sa yo Bondye pouse desann nan ^alanfè a.

85 Se moun ki p ap rachte anba men ^adyab la jistan ^bdènnye rezirèksyon an, jistan Senyè a, Kris la, ^cTi Mouton an menm, fini travay li a.

86 Se moun sa yo ki pa resevwa li toutantye nan mond etènèl la, men, ki resevwa li nan Lespri a pa mwayen ministè wayòm terès la;

87 Epi wayòm terès la, pa mwayen ^aministè wayòm selès la.

88 Epi tou wayòm telès la resevwa l nan administrasyon zanj yo ki lonmen pou administrè pou yo, oubyen ki lonmen kòm lespri administratè pou yo; paske y ap eritye sali a.

89 Epi konsa, nou te wè, nan vizyon selès la, laglwa telès la, ki depase tout konpreyansyon;

90 Epi pèsonn pa konnen l, ekseptè moun Bondye revele.

91 Epi konsa nou te wè laglwa wayòm terès la ki depase laglwa telès la nan tout bagay, menm nan glwa ak nan pouvwa, ak nan fòs, ak nan dominasyon.

92 Epi konsa nou te wè laglwa wayòm selès la, ki depase nan tout bagay—kote Bondye, Papa a menm renye sou twòn li pou tout tan;

73b D&A 88:99; 138:8.

GE Lanfè;

Sali pou mò.

c 1 Pyè 3:19-20; 4:6;

D&A 138:28-37.

d GE Levanjil.

74a GE Temwayaj.

78a 1 Kor. 15:40-42.

79a D&A 56:16.

81a D&A 88:31.

GE Glwa telès.

82a D&A 138:21.

84a 2 Ne. 9:12;

Alma 12:11.

GE Lanfè.

85a GE Dyab.

b Alma 11:41;

D&A 43:18;

88:100-101.

c GE Ti mouton

Bondye.

87a D&A 138:37.

93 Tout bagay bese avèk “reve-rans nan imilite devan l, epi yo ba l laglwa pou tout tan.

94 Moun ki “rete nan prezans li yo se Legliz ^bPremye ne a; epi yo wè menm jan moun wè yo a, epi yo “konnen menm jan moun konnen yo a, paske yo te resevwa li ak ^dlagras li toutantye;

95 Epi li fè yo “egal nan pou-vwa, nan pisans, ak nan domi-nasyon.

96 Epi laglwa wayòm selès la se youn, menm jan laglwa “solèy la se youn nan.

97 Epi laglwa wayòm terès la se youn, menm jan laglwa lalin nan se youn nan.

98 Epi laglwa wayòm telès la se youn, menm jan laglwa zetwal yo se youn nan, menm jan youn zetwal diferan nan laglwa avèk youn lòt zetwal, se konsa youn diferan avèk lòt nan mond telès la;

99 Paske se moun sa yo ki pou “Pòl, ki pou Apòlòs, ak pou Se-fas yo.

100 Se moun sa yo ki di kèk ladan yo pou youn moun epi lòt yo pou youn lòt moun—kèk pou Kris la epi kèk pou Jan, kèk pou Moyiz epi kèk pou Elyas, kèk pou Ezayas, kèk pou Ezayi epi kèk pou Enòk;

101 Men, yo pa t resevwa le-

vanjil la, ni temwayaj Jezi a, ni pwofèt yo, ni “alyans etènèl la.

102 An dènye, se moun sa yo ki p ap rasanble avèk sen yo, pou yo “monte avèk ^blegliz Premye ne a, pou yo resevwa yo nan nyaj yo.

103 Moun sa yo se “moun ki ^bmantè yo, ak sòsyè yo, ak “adiltè yo, ak fònikatè yo, ak nenpòt moun ki renmen manti epi ki fabrike manti.

104 Se moun sa yo ki soufri “kòlè Bondye sou tè a.

105 Se moun sa yo ki soufri “vanjans dife etènèl la.

106 Se moun sa yo Bondye chase al nan “lanfè epi ki ^bsou-fri kòlè “Bondye Toupisan an, jouknan “totalite tout tan yo, lè Kris la pral “soumèt tout ènmi yo anba pye l, epi li fin ^fpèfeksyone travay li;

107 Lè l livre wayòm nan, epi l prezante l bay Papa a, san tach, epi l di: m gen viktwa epi m te “pilonnen près—^bdiven an pou kont mwen, près—diven move kòlè Bondye Toupisan an menm.

108 Lè sa li pral kouwone avèk kouwòn laglwa li a, pou l chita sou “twòn pouvwa li a pou l renye pou tout tan.

109 Men gade, nou te wè la-glwa abitan mond telès yo,

93a GE Reverans.

94a D&A 130:7.

b GE Premye ne, premyene.

c 1 Kor. 13:12.

d GE Gras.

95a D&A 29:13; 78:5–7; 84:38; 88:107; 132:20.

96a 1 Kor. 15:40–41.

99a 1 Kor. 3:4–7, 22.

101a GE Nouvo alyans

etènèl.

102a 1 Tes. 4:16–17; D&A 88:96–98.

b D&A 78:21.

103a Apok. 21:8;

D&A 63:17–18.

b GE Manti.

c GE Adiltè.

104a GE Danasyon, dane.

105a Jid 1:7.

106a GE Lanfè.

b D&A 19:3–20.

c D&A 87:6.

d Efe. 1:10.

e 1 Kor. 15:24–28.

f Ebre 10:14.

107a Apok. 19:15;

D&A 88:106;

133:46–53.

b Jen. 49:10–12;

Eza. 63:1–3.

108a D&A 137:3.

nou pa t ka konte yo menm jan avèk zetwal yo ki anlè nan syèl la, oubyen sab yo ki sou rivaj lanmè a;

110 Epi nou te tande vwa Senyè a ki t ap di: Tout moun sa yo pral pliye jenou yo, epi chak lang pral "konfese devan moun ki chita sou twòn nan pou tout tan;

111 Paske yo pral jije daprè zèv yo, epi chak moun pral resevwa daprè "zèv pa l yo, dominasyon pa l, nan ^bkay ki te prepare yo;

112 Epi yo pral sèvitè Bondye Ki Pi Wo a; men, yo pa kapab vini "kote Bondye ak Kris la ^brete a, nan mond ki san finisman yo.

113 Se finisman vizyon nou te wè a, Senyè a te kòmande nou pou nou ekri pandan nou te toujou nan Lespri a.

114 Men, zèv Senyè a yo "gwo epi yo mèveye anpil, ak ^bmistè yo ki nan wayòm li a li te montre nou yo, ki depase tout

konpreyansyon nan laglwa, nan pouvwa ak nan dominasyon;

115 Li te kòmande nou pou nou pa ekri sa yo pandan nou te toujou nan Lespri a, epi yo pa "legal pou lòm repete;

116 Ni tou lòm pa "kapab fè moun konnen yo, paske moun kapab wè yo epi moun kapab ^bkonprann yo sèlman avèk pouvwa Lespri Sen an, Lespri Sen Bondye mete sou moun ki renmen l yo, epi ki pirifye tèt yo devan l;

117 Moun li bay privilèj sa a pou yo wè epi pou yo konnen pou tèt pa yo;

118 Pou, pa mwayen pouvwa ak manifestasyon Lespri a, pandan yo nan kò fizik la, pou yo kapab sipòte prezans li nan mond laglwa a.

119 Epi laglwa, ak onè, ak dominasyon pou Bondye ak Ti Mouton an pou tout tan. Amèn.

SEKSYON 77

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Hiram, Ohio, nan zòn Mas 1832. Istwa Joseph Smith la deklare: "An koneksyon avèk tradiksyon ekriti yo, m te resevwa eksplikasyon sa a konsènan Apokalips Sen Jan an."

1-4, Bèt yo gen lespri epi yo ap rete nan bonè etènèl; 5-7, Tè sa a gen yon egzistans tanporèl pou 7.000 ane; 8-10, Anpil zanj re-tabli levanjil la epi yo administre

sou tè a; 11, sèlman 144.000 mil yo; 12-14, Kris la pral vini nan kòmansman setyèm mil ane yo; 15, De pwofèt pral leve pou nasyon Juif la.

110a Filip. 2:9-11;
Mozya 27:31.

111a Apok. 20:12-13.
GE Zèv.
b Jan 14:2;
D&A 59:2; 81:6.

112a D&A 29:29.
b Apok. 21:23-27.

114a Apok. 15:3;
Mòm. 9:16-18;
Moyiz 1:3-5.
b Jakòb 4:8.

115a 2 Kor. 12:4.
116a 3 Ne. 17:15-17;
19:32-34.
b 1 Kor. 2:10-12.

K. Kisa ^alanmè kristal Jan te pale nan 4èm chapit, 6èm vèsè Apokalips la ye?

R. Se ^btè a, nan eta sanktifye, imòtèl, epi ^cetènèl li a.

2 K. Kisa nou dwe konprann konsènan kat bèt Jan te pale nan menm vèsè sa a?

R. Yo se ekspresyon ^afigure, Jan, Revelatè a te itilize pou l dekri ^bsyèl la, ^cparadi Bondye a, ^dbonè lòm, ak bèt yo, ak bagay ki ranpe yo, ak zwazo yo ki anlè a; bagay ki espirityèl yo sanble ak bagay ki tanporèl yo; epi bagay ki tanporèl yo sanble avèk bagay ki espirityèl yo; ^elespri lòm sanble avèk kò fizik li, menm jan an tou pou lespri ^fbèt yo, ak tout lòt kreyati Bondye te kreye.

3 K. Èske kat bèt yo se bèt Sèlman, oubyen èske yo reprezante klas yo oubyen ran yo?

R. Yo se kat bèt, Senyè a te montre Jan, ki reprezante laglwa klas tèt yo nan lòd respektif yo oubyen ^adimansyon kreyasyon yo, jwisans ^bbonè etènèl yo.

4 K. Kisa nou dwe konprann konsènan je ak zèl bèt yo te genyen yo?

R. Je yo se yon reprezantasyon limyè ak ^akonesans, ki vle di, yo chaje avèk konesans; epi zèl yo se yon reprezantasyon ^bpouvwa, pou deplase, pou aji, eksetera.

5 K. Kisa nou dwe konprann konsènan vennkat ^aansyen Jan te wè yo?

R. Nou dwe konprann, ansyen sa yo Jan te wè a, se te ansyen ki te ^bfidèl nan travay ministè a epi ki te mouri; yo te manm nan ^csèt legliz yo, epi apre sa yo te nan paradi Bondye a.

6 K. Kisa nou dwe konprann konsènan liv Jan te wè a, liv ki te ^asele sou kouvèti l avèk sèt so a?

R. Nou dwe konprann li gen volonte ki revele a, ^bmistè yo, ak zèv Bondye yo; bagay Bondye kache pou ekonomi l konsènan ^ctè sa a pandan sèt mil ane l ap kontinye yo oubyen pandan sèt milan egzistans tanporèl li.

7 K. Kisa nou dwe konprann konsènan sèt so ki te sele l yo?

R. Nou dwe konprann premye so a gen bagay ^apremye mil ane yo, epi dezyèm nan, pou dezyèm milann yo, epi ale konsa jouk nan setyèm nan.

8 K. Kisa nou dwe konprann konsènan kat zanj li pale nan 7èm chapit ak 1e vèsè Apokalips la?

R. Nou dwe konprann yo se kat zanj Bondye te voye, li te ba yo pouvwa sou kat kwen tè a, pou sove epi pou detwi lavi; se yo menm ki gen ^alevanjil etènèl la pou yo bay chak nasyon, fanmi, lang, ak pèp yo; yo gen

77 1a D&A 130:6–9.

b D&A 88:17–20,
25–26.

c GE Glwa selès;
Tè—Eta final tè a.

2a GE Senbòl.

b GE Syèl.

c GE Paradi.

d GE Jwa.

e Etè 3:15–16;

Abr. 5:7–8.

GE Lespri.

f Moyiz 3:19.

3a D&A 93:30;

Moyiz 3:9.

b D&A 93:33–34.

4a GE Konesans.

b GE Pouvw.

5a Apok. 4:4, 10.

b Apok. 14:4–5.

c Apok. 1:4.

6a Apok. 5:1.

b GE Mistè Bondye yo.

c GE Tè.

7a D&A 88:108–110.

8a Apok. 14:6–7.

pouvwa pou yo fèmen syèl yo, pou yo sele pou lavi, oubyen pou yo chase ^brejyon tenèb yo desann.

9 K. Kisa nou dwe konprann konsènan zanj ki t ap monte anlè soti nan kote lès la, Apokalips chapit 7, vèsè 2?

R. Nou dwe konprann zanj ki t ap monte anlè soti nan kote lès la se zanj Bondye te bay so li a sou douz tribi ^aIzrayèl yo; se poutèt sa, l ap rele nan zòrèy kat zanj yo ki gen levanjil etènèl la, li di: Pa frape tè a, ni lanmè a, ni pyebwa yo, jistan nou sele sèvitè Bondye nou an sou ^bfon yo. Epi si nou vle ap resevwa l, se ^cElyas ki te gen pou l vin rasanble tribi Izrayèl yo ansanm epi pou l ^drestore tout bagay.

10 K. Ki lè bagay yo ki ekri nan chapit sa a dwe akonpli?

R. Yo dwe akonpli nan ^asizyèm mil ane yo, oubyen lè sizyèm so a louveri.

11 K. Kisa nou dwe konprann konsènan sèlman ^asan karant kat mil yo, pami tout tribi Izrayèl yo—douz mil nan chak tribi?

R. Nou dwe konprann moun ki sele yo se ^bgran prèt, ki òdone daprè lòd sen Bondye a, pou administrateur levanjil etènèl la; paske se yo menm zanj ki gen pouvwa sou nasyon yo ki sou tè a te òdone, pami chak nasyon,

fanmi, lang ak pèp, pou mennen tout moun ki vle vini nan legliz ^cPremye ne a.

12 K. Kisa nou dwe konprann konsènan sonnen ^atwonpèt la ki mansyone nan chapit 8 Apokalips la?

R. Nou dwe konprann, menm jan Bondye te kreye mond lan nan si jou, epi li te fini travay li nan setyèm jou a, epi l te ^bsanktifye l, epi tou li te fòme lòm avèk ^cpousyè tè a, se konsa tou, nan kòmansman sèt mil ane yo, Senyè Bondye a pral ^dsanktifye tè a, epi li pral konplete sali lòm, epi l pral ^ejije tout bagay, epi l pral ^frachte tout bagay, nan finisman tout bagay; epi sonnen twonpèt sèt zanj yo se preparasyon ak finisman travay li, nan kòmansman sèt mil ane yo—preparasyon chemen an avan lè aparasyon li a.

13 K. Ki lè bagay yo ki ekri nan 9èm chapit Apokalips la pral akonpli?

R. Yo dwe akonpli apre setyèm so a fin louveri, anvan aparasyon Kris la.

14 K. Kisa nou dwe konprann konsènan ti liv Jan te ^amanje a, jan sa te mansyone nan 10èm chapit Apokalips la?

R. Nou dwe konprann se te yon misyon ak yon òdonans, pou l ^brasanble tribi Izrayèl yo;

8b Mat. 8:11-12; 22:1-14;
D&A 133:71-73.

9a Apok. 7:4-8.

b Ezek. 9:4.

c GE Elyas.

d GE Retablisman levanjil la.

10a Apok. 6:12-17.

11a Apok. 14:3-5.

b GE Gran prèt.

c D&A 76:51-70.

GE Premye ne,
premyene.

12a Apok. 8:2.

b Jen. 2:1-3;

Egz. 20:11; 31:12-17;

Mozya 13:16-19;

Moyiz 3:1-3;

Abr. 5:1-3.

c Jen. 2:7.

d D&A 88:17-20.

e GE Jezikri—Jij.

f GE Redanmtè,
restablisman,
redanmsyon.

14a Ezek. 2:9-10; 3:1-4;
Apok. 10:10.

b GE Izrayèl—
Rasanbleman
Izrayèl la.

gade, se konsènan Elyas sa ekri, ki dwe vin ‘restore tout bagay.

15 K. Kisa nou dwe konprann konsènan de “temwen ki nan chapit onz Apokalips la?

R. Yo se de pwofèt ki pral leve

pou nasyon ^bJuif yo nan ‘dènye jou yo, nan epòk ^arestorasyon an, pou pwofetize pou Juif yo apre yo fin rasanble, epi apre yo fin bati vil Jerizalèm nan, nan ‘peyi zansèt yo.

SEKSYON 78

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Hiram, Ohio, 1 Mas 1832. Jou sa a, Pwofèt la ak lòt dirijan yo te reyini pou yo te pale sou zafè Legliz la. Revelasyon sa a te toudabò enstwi Pwofèt la, Sidney Rigdon, ak Newel K. Whitney pou yo vwayaje al Missouri pou òganize yon tantativ pou komès ak piblikasyon kote yo t ap kreye yon “antrepriz” ki t ap siveye efò sa yo, pou pwodui fon pou etablisman Siyon an ak pou benefis pòv yo. Antrepriz sa a, ki rekonèt sou non Antrepriz Ini, te òganize an Avril 1832 epi li te kraze an 1834 (gade seksyon 82). Yon ti tan apre l te fin kraze a, sou direksyon Joseph Smith, fraz “zafè magazen pou pòv yo” te vin ranplase “etablisman komèsyal ak piblikasyon” yo nan revelasyon an, epi mo “lòd” la te vin ranplase mo “antrepriz” la.

1–4, *Sen yo dwe òganize epi yo dwe tabli yon magazen; 5–12, Si yo itilize pwopriyete yo avèk lasajès, sa ap mennen nan sali; 13–14, Legliz la dwe endepandan anba pouvwa terès yo; 15–16, Michèl (Adan) sèvi sou direksyon Sen an (Kris la); 17–22, Moun ki fidèl yo beni, paske y ap eritye tout bagay.*

SENYÈ a te pale avèk Joseph Smith, pitit la, li di: Senyè Bondye nou an di, koute m, noumenm ki òdone nan “gran prètriz legliz mwen an, ki rasanble nou ansanm;

2 Epi Senyè Bondye a di, tandè “konsèy moun sa a ki te ^bòdone nou anlè a, ki pral pale pawòl sajès nan zòrèy nou yo, pou nou kapab gen sali nan bagay nou te prezante devan m nan.

3 Paskè an verite, m di nou, tan an rive, epi li pre; epi gade, se nesèsè pou pèp mwen an gen yon “òganizasyon pou yo regilarize epi pou yo tabli zafè ^bmagazen moun ‘pòv yo ki pami pèp mwen an, ni nan kote sa a ak nan peyi “Siyon an—

4 Pou yon etablisman pèmanan ki etènèl ak lòd nan legliz mwen

14c Mat. 17:11.

15a Apok. 11:1–14.

b GE Juif yo.

c GE Dènye jou yo.

d GE Retablisman levanjil la.

e Amòs 9:14–15.

78 1a GE Prètriz Mèlkisedèk.

2a GE Konsèy (non).

b GE Òdinasyon, òdone.

3a D&A 82:11–12, 15–21.

b D&A 72:9–10; 83:5–6.

c D&A 42:30–31.

GE Antrèd.

d D&A 57:1–2.

an, pou avanse kòz nou te anbrase a, pou sali lòm, epi pou laglwa Papa nou ki nan Syèl la;

5 Pou nou kapab "egal nan lyen bagay selès yo, wi, ak bagay tèrès yo tou, pou nou kapab jwenn bagay selès yo.

6 Paske, si nou pa egal nan bagay tèrès yo, nou pa kapab egal pou nou jwenn bagay selès yo;

7 Paske, si nou vle m ba nou yon plas nan mond "selès la, nou dwe ^bfè bagay m kòmande nou yo ak bagay m mande nou yo pou nou kapab "pare nou.

8 Epi kounyeya, an verite, Senyè a di, se nesèsè pou nou menm ki mete ansanm nan "lòd sa a fè tout bagay pou ^blaglwa mwen;

9 Oubyen, otreman, se pou sèvitè m nan Newel K. Whitney ak sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, ak sèvitè m nan, Sidney Rigdon chita nan konsèy avèk sen ki nan Siyon yo;

10 Otreman, "Satan ap chèche detounen kè yo kont verite a, pou yo kapab vin avèk epi pou yo kapab pa konprann bagay ki te pare pou yo.

11 Se poutèt sa, m ba nou kòmandman pou nou prepare epi pou nou òganize tèt nou avèk yon angajman epi avèk yon "alyans etènèl ki pa kapab brize.

12 Epi yon moun ki vyole l l ap pèdi ofis li ak pozisyon l nan legliz la, epi l ap abandone anba

"touman Satan jouk nan jou redanmsyon an.

13 Gade, se preparasyon an m ap fè pou nou, ak yon fondasyon, ak egzanzp m ba nou an, pou nou kapab akonpli kòmandman m ba nou yo;

14 Pou legliz la kapab kanpe endepandan sou tèt tout lòt kretyati ki anba mond selès la, pa mwayen pwovidans mwen, malgre "tribilasyon ki pral desann sou nou.

15 Senyè Bondye a, Sen Siyon an, ki te tabli fondasyon "Adan-ondi-Aman an di, pou nou kapab monte nan ^bkouwòn ki te pare pou nou an, epi pou m fè nou "dirijan alatèt anpil wayòm.

16 Senyè a ki te lonmen "Michèl prens nou an, epi ki te tabli pye l, epi ki te mete l anlè, epi ki te ba li kle sali yo sou konsèy ak direksyon Sen an, ki san kòmansman jou oubyen ki san finisman nan lavi l.

17 An verite, an verite, m di nou, nou se timoun piti, epi nou pa t ko konprann ki kalite gwo benediksyon Papa a gen nan men pa l epi li te prepare pou nou;

18 Èpi nou pa kapab "sipòte tout bagay kounyeya; sepandan, fè kè nou kontan, paske m ap ^bdirije nou. Wayòm nan pou nou epi benediksyon ki ladan l yo pou nou, epi richès "letènite yo pou nou.

5a D&A 49:20.
GE Konsakre, lwa
konsekrasyon.

7a GE Glwa selès.

b D&A 82:10.

c D&A 29:8; 132:3.

8a D&A 92:1.

b Moyiz 1:39.

10a GE Dyab.

11a GE Alyans.

12a 1 Kor. 5:5;
D&A 82:21; 104:8-10.

14a D&A 58:2-4.

15a GE Adan-ondi-Aman.

b GE Egzaltasyon;
Kouwòn.

c Apok. 5:10;

D&A 76:56-60; 132:19.

16a D&A 27:11; 107:54-55.
GE Adan.

18a Jan 16:12; 3 Ne. 17:2-3;
D&A 50:40.

b D&A 112:10.

c GE Lavi etènèl.

19 Epi yon moun ki resevwa tout bagay avèk ^aremèsiman, l ap glorifye; epi bagay ki sou tè sa a ap ajoute sou sa li genyen, menm yon ^bsantèn fwa, wi, menm plis.

20 Se poutèt sa, Redanmtè nou an, Pitit Gason ^aAman an menm k ap ranje tout bagay anvan l

monte ^bavèk nou an di, fè bagay m te kòmande nou yo.

21 Paske, nou se ^alegliz Premyene a, epi li pral monte ^bavèk nou nan nyaj yo, pou l bay chak moun pòsyon pa l.

22 Epi yon moun ^afidèl ki se yon ^bresponsab ki saj, ap eritye ^ctout bagay. Amèn.

SEKSYON 79

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Hiram, Ohio, 12 Mas 1832.

1–4, Jared Carter resevwa apèl pou l preche levanjil la pa lantremiz Konsolatè a.

AN verite, m di nou, se volonte m pou sèvitè m nan, Jared Carter ale ankò nan peyi lès yo, soti yon kote ale nan yon lòt, nan yon vil ale nan yon lòt, avèk pouvwa ^aòdinasyon m te òdone l la, pou l pwoklame bon nouvèl

gran lajwa, levanjil etènèl la menm.

2 Epi m pral voye ^aKonsolatè a sou li, ki pral ansenye l verite a ak chemen li dwe fè a;

3 Epi toutotan li fidèl, m ap kouwone l avèk anpil zepi.

4 Se poutèt sa, Senyè w la, Jezikri menm di, fè kè ou kontan, sèvitè m nan, Jared Carter, epi pa ^akrenn. Amèn.

SEKSYON 80

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou Stephen Burnett nan Hiram, Ohio, 7 Mas 1832.

1–5, Stephen Burnett ak Eden Smith aple pou yo preche nenpòt kote yo chwazi.

AN verite, Senyè a di nou, sèvitè m nan, Stephen Burnett: Ale, ale nan mond lan epi ^apreche

levanjil la pou chak kreyati ki vini anba son vwa ou.

2 Epi toutotan ou vle yon konpayon, m ap ba ou sèvitè m nan, Eden Smith.

3 Se poutèt sa, ale epi preche levanjil mwen an, menm si se

19a Mozya 2:20–21.
GE Rekonesan,
remèsiman.
b Mat. 19:29.
20a D&A 95:17.
b 1 Tes. 4:17.

21a D&A 76:53–54.
b D&A 88:96–98.
22a D&A 72:3–4.
b GE Entandan,
entandans.
c D&A 84:38.

79 1a D&A 52:38.
GE Òdinasyon, òdone.
2a Jan 14:26.
GE Konsolatè.
4a D&A 68:5–6.
80 1a Mak 16:15.

nan nò oubyen nan sid, nan lès oubyen nan lwès, sa pa fè diferans, paske nou pa kapab pèdi.

4 Se poutèt sa, deklare bagay

nou te tandé yo, epi an verite kwè, epi ^akonnen yo se verite.

5 Gade, se volonte moun ki te ^aaple nou an, Redanmtè nou an, Jezikri menm. Amèn.

SEKSYON 81

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Hiram, Ohio, 15 Mas 1832. Frederick G. Williams resevwa apèl kòm gran prèt ak konseye nan Prezidans Gran Prètriz la. Rejis istorik yo montre, lè yo te resevwa revelasyon sa a, nan Mas 1832, revelasyon an te aple Jesse Gause nan ofis konseye pou Joseph Smith nan Prezidans la. Sepandan lè l pa t kontinye nan yon fason konsistan nan ofis sa a, apèl la te vin transfere sou Frederick G. Williams. Revelasyon an (ki date Mas 1832) ta dwe konsidere kòm yon pa nan direksyon òganizasyon ofisyèl Premye Prezidans lan, prezizeman apèl pou ofis kòm konseye nan òganizasyon sa a epi l eksplike diyite chay sa a. Frè Gause te sèvi pou yon tan, men, li te ekskominye nan Legliz la an Desanm 1832. Frè Williams te òdone nan ofis prezize a 18 Mas 1833.

1–2, *Se Premye Prezidans lan ki toujou kenbe kle wayòm nan; 3–7, Si Frederick G. Williams fidèl nan ministè li a, l ap gen lavi etènèl.*

AN verite, an verite, m di nou, sèvitè m nan, Frederick G. Williams: Koute vwa moun k ap pale a, pawòl Senyè Bondye nou an, epi koute apèl nou te resevwa a, menm pou nou vin yon ^agran prèt nan legliz mwen an, epi yon konseye pou sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la;

2 Limenm m te bay ^akle wayòm nan yo, ki toujou pou ^bPrezidans Gran Prètriz la:

3 Se poutèt sa, an verite, m rekonèt li epi m ap beni l, epi ou

menm tou, toutotan ou fidèl nan konsèy nan ofis m te lonmen wou nan, nan priye tout tan, byenfò epi nan kè ou, an piblik ak an prive, epi tou nan ministè w la nan pwoklamasyon levanjil la nan peyi moun vivan yo, epi pami frè w yo.

4 Epi lè ou fè bagay sa yo, ou pral fè pi gwo byen pou pwochen ou yo, epi ou pral devlope ^alaglwa moun ki se Senyè ou la.

5 Se poutèt sa, ou dwe fidèl; kanpe nan ofis m te lonmen ou la; pote moun ki fèb yo ^asekou, leve men ki pandye yo, epi ^branfòse jenou ki ^cfèb yo.

6 Epi si ou fidèl jiska lafen, w ap gen yon kouwòn ^aimòtalite,

4a GE Temwayaj.

5a GE Aple, Bondye te aple, apèl.

81 1a GE Gran prèt.

2a GE Kle prètriz la.

b D&A 107:8–9, 22.
GE Premye Prezidans.

4a Moyiz 1:39.

5a Mozya 4:15–16.

b D&A 108:7.

c Eza. 35:3.

6a GE Imòtalite, imètèl.

ak ^blavi etènèl nan wayòm m te
pare nan ^ckay Papa m nan.

7 Gade, epi vrèman, sa yo se

pawòl Alfa ak Omega, Jezikri a
menm. Amèn.

SEKSYON 82

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Independence, Konte Jackson, Missouri, 26 Avril 1832. Sete okazyon yon konsèy gran prèt ak ansyen nan Legliz la. Nan konsèy la, yo te soutni Joseph Smith kòm Prezidan Gran Prètriz la, nan ofis sa a yo te deja lonmen l, pandan yon konferans gran prèt, ansyen, ak manm, nan Amherst, Ohio, 25 Janvye 1832 (gade nan antèt seksyon 75 la). Revelasyon sa a repete enstriksyon yo te bay nan yon premye revelasyon (seksyon 78) pou etabli yon antrepriz—koni kòm Antrepriz Ini (sou direksyon Joseph Smith, tèm “lòd” la te vin ranplase “antrepriz” la nan apre)—pou gouvènè zafè komèsyal ak zafè piblikasyon Legliz la.

1–4, Kote moun resevwa anpil, y ap mande l anpil; 5–7, Tenèb kou-
vri mond lan; 8–13, Senyè a anba obligasyon lè nou fè sa Li di; 14–
18, Siyon dwe grandi nan bèl te ak sentete; 19–24, Chak moun ta dwe chèche enterè pwochen l.

AN verite, an verite, m di nou, sèvitè m yo, toutotan nou “pa-
done youn lòt peche nou yo, se konsa, mwen menm Senyè a, m ap padone nou.

2 Sepandan gen moun pami nou ki peche anpil; wi, menm nou ^atout fè peche; men, an verite m di nou, pran prekosyon depi kounyeya, pa fè peche pou jijman kriyèl pa tonbe sou tèt nou.

3 Paske yon moun ki resevwa

^aanpil, y ap ^bmande l anpil; epi yon moun ki ^cpeche kont pi gwo ^dlimyè a, l ap resevwa pi gwo kondanasyon an.

4 Nou rele non mwen pou “revelasyon, epi m ba nou yo; epi toutotan nou pa kenbe pawòl mwen ba nou yo, n ap vin tou-nen transgresè; epi ^blajistis ak jij-man se sanksyon ki atache avèk lalwa mwen.

5 Se poutèt sa, sa m di yon moun m di tout moun ni: ^aVeye, paske ^badvèsè a ap gaye domi-nasyon l, epi ^ctenèb ap reye;

6 Epi kòlè Bondye limen kont abitan yo ki sou tè a; epi yo youn p ap fè sa ki byen, paske yo tout soti sou ^achemen an.

7 Epi kounyeya, an verite m

6b GE Egzaltasyon;
Lavi etènèl.

c Jan 14:2–3;
D&A 59:2; 106:8.

82 1a Mat. 6:14–15;
D&A 64:9–11.

2a Wom. 3:23.

3a Lik 12:48; Jak 4:17.
GE Responsab,
responsablite.

b GE Entandan,
entandans.

c GE Apostazi; Peche.
d Jan 15:22–24.

GE Limyè, limyè Kris.

4a GE Revelasyon.

b GE Jistis.

5a GE Santinèl, veye.

b GE Dyab.

c GE Tenèb, espiritiyèl.

6a Wom. 3:12; D&A 1:16.

di nou, mwen menm, Senyè a, m p ap mete okenn "peche sou nou; ale fè wout nou epi pa peche ankò; men, nanm ki ta peche a, b'ansyen peche yo ap retounen sou li ankò. Se sa Senyè Bondye nou an di.

8 Epi ankò, m di nou konsa, m ba nou yon "nouvo kòmandman, pou nou kapab konprann volonte m konsènan nou;

9 Oubyen, m vle di, m ba nou direksyon kòman nou kapab "aji devan mwen, pou sa kapab tounen pou sali nou.

10 Mwen menm Senyè a m anba "obligasyon lè nou fè sa m di; men, lè nou pa fè sa m di, nou pa gen pwomès.

11 Se poutèt sa, an verite m di nou, li nesèsè pou sèvitè m yo Edward Partridge ak Newel K. Whitney, A. Sidney Gilbert ak Sidney Rigdon, ak sèvitè m nan Joseph Smith, ak John Whitmer, ak Oliver Cowdery, ak Parley P. Pratt ak Martin Harris mete tèt yo "ansanm nan yon kontra epi avèk yon alyans ki pa kapab defèt poutèt transgresyon, san jijman pa vini imedyatman, nan diferan responsablite nou yo—

12 Pou administre zafè moun pòv yo, ak tout bagay ki gen rapò avèk episkopa a nan peyi Siyon an ak nan peyi Kirtland nan;

13 Paske m konsakre peyi Kirtland nan tan pa mwen pou benefis sen Bondye Ki Pi Wo a, epi kòm yon "pye pou Siyon.

14 Paske Siyon dwe grandi nan bèlte ak nan sentete; fwontyè l yo dwe laji; pye l yo dwe ranfòse; wi, an verite m di nou, "Siyon dwe leve pou l mete bèl rad li yo sou li.

15 Se poutèt sa, m ba nou kòmandman sa a, pou nou angaje tèt nou nan alyans sa a, epi sa pral fèt dapre lalwa Senyè a yo.

16 Gade, sa se lasajès pa mwen tou pou byen pa nou.

17 Epi nou dwe "egal, ki vle di, nou dwe gen menm dwa sou pwopriyete yo, pou nou kapab gen benefis pou administre bagay nou genyen sou responsablite nou yo, chak moun dapre bezwen yo ak nesèsite yo, toutotan bezwen yo jis—

18 Epi tout bagay sa yo pou benefis legliz Bondye vivan an, pou chak moun kapab devlope "talan yo, pou chak moun kapab jwenn lòt talan, wi, menm san fwa plis, pou mete nan b'magazen Senyè a, pou vin tounen pwopriyete ki piblik pou tout legliz la—

19 Pou chak moun chèche enterè pwochen yo, epi pou yo fè tout bagay avèk "je yo fikse sou laglwa Bondye.

20 "Lòd sa a, m te lonmen l

7a GE Peche.

b D&A 1:32–33; 58:43.

8a Jan 13:34.

9a D&A 43:8.

10a Joz. 23:14; 1 Wa 8:23;

D&A 1:38; 130:20–21.

GE Benediksyon, beni;

Obeyi, obeyisan,

obeyisans.

11a D&A 78:3–7, 11–15.

13a Eza. 33:20; 54:2.

GE Pye.

14a GE Siyon.

b Eza. 52:1; D&A 113:7–8.

17a D&A 51:3.

GE Konsakre, lwa

konsekrasyon.

18a Mat. 25:14–30;

D&A 60:13.

GE Don;

Don Lespri yo.

b D&A 42:30–34, 55;

119:1–3.

GE Magazen.

19a D&A 88:67.

GE Je, Je yo.

20a GE Lòd ini.

kòm l yon lòd etènèl pou nou, ak pou siksesè nou yo, toutotan nou pa peche.

21 Epi nanm ki peche kont alyans sa a epi ki fè kè l di kont li, y ap trete l daprè lalwa legliz mwen an, epi l ap livre anba “touman Satan jouk nan jou redanmsyon an.

22 Epi kounyeya, an verite, m di nou, epi se lasajès, fè zanmi

avèk mamon enjistis la, epi yo p ap detwi nou.

23 Kite tout jijman nan men m, paske se pa m li ye epi m ap “egzekite l. Lapè avèk nou; benediksyon m yo ap kontinye avèk nou.

24 Paske “wayòm nan deja pou nou, epi l ap pou nou pou tout tan, si nou pa kite chemen dwat nou an. Se sa menm. Amèn.

SEKSYON 83

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Independence, Missouri, 30 Avril 1832. Pwofèt la te resevwa revelasyon sa a pandan l te chita nan konsèy avèk frè l yo.

1–4, *Fi ak timoun gen dwa pou mari yo ak papa yo sipòte yo; 5–6, Vèv ak òfelen gen dwa pou Legliz la sipòte yo.*

ANVERITE, Senyè a di, kòm di-plis sou lalwa legliz la konsènan fi yo ak timoun yo, sa yo ki manm legliz la, ki te “pèdi mari yo oubyen papa yo:

2 Fi gen “dwa pou mari yo pran swen yo, jistan mari yo mouri; epi si yo pa tonbe nan transgresyon, y ap jwenn fratènite nan legliz la.

3 Epi si yo pa fidèl, yo p ap

jwenn fratènite nan legliz la; malgre sa, yo kapab rete sou eritaj yo daprè lalwa peyi a.

4 Tout “timoun gen dwa pou paran yo pran swen yo jistan yo gen laj majè.

5 Epi apre sa, yo gen dwa nan legliz la, ki vle di nan “magazen Senyè a, si paran yo pa genyen pou ba yo eritaj.

6 Epi se konsekrasyon legliz la yo ki dwe kenbe magazen an; epi yo dwe pran swen “vèv yo ak òfelen yo, menm jan avèk ^bpòv yo tou. Amèn.

SEKSYON 84

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland, Ohio, 22 ak 23 Septanm 1832. Pandan mwa Septanm nan, èldè yo te kòmanse retounen soti nan misyon yo nan eta lès yo pou yo bay rapò travay yo.

21a D&A 104:8–10.

23a Wom. 12:19;
Mòm. 3:15.

24a Lik 12:32;
D&A 64:3–5.
GE Wayòm

Bondye oubyen
wayòm syèl la.

83 1a Jak 1:27.
2a 1 Tim. 5:8.
4a Mozya 4:14.
5a D&A 78:3.

GE Magazen.

6a GE Vèv.
b Mozya 4:16–26;
Ela. 4:11–13;
D&A 42:30–39.
GE Pòv.

Se pandan yo te ansanm nan moman lajwa sa a yo te resevwa komini-kasyon sa a. Pwofèt la te deklare se yon revelasyon sou prèttriz la.

1-5, *Nouvo Jerizalèm nan ak tanp la pral bati nan Missouri; 6-17, Liy prèttriz la depi nan Moyiz lajis nan Adan; 18-25, Pi gran prèttriz la gen kle konesans Bondye; 26-32, Pi piti prèttriz la gen kle administrasyon zanj yo ak levanjil preparatwa a; 33-44, Lèzòm jwenn lavi etènèl pa mwayen sèman ak alyans prèttriz la; 45-53, Lespri Kris la klere lèzòm, epi mond lan rete nan peche; 54-61, Sen yo dwe temwaye konsènan bagay sa yo yo resevwa a; 62-76, Yo dwe preche levanjil la, epi siy ap vini apre; 77-91, Ansyen yo dwe ale san bous oubyen san sak, epi Senyè a ap pran swen yo; 92-97, Epidemi ak malediksyon ap rete tann moun ki rejte levanjil la; 98-102, yo resevwa nouvo chan redanmsyon Siyon an; 103-110, Se pou chak moun kanpe nan pwòp ofis li epi pou l travay nan pwòp apèl pa li; 111-120, Sèvitè Senyè a yo dwe pwoklame abominasyon ki soti ran dezolasyon dènye jou yo.*

YON revelasyon Jezikri te bay sèvitè li a, Joseph Smith, pitit la, ak sis ansyen, pandan yo te ini kè yo epi yo te ^aleve vwa yo anlè.

2 Wi, pawòl Senyè a konsènan legliz li a, ki te etabli nan dènye jou yo pou ^aretabli pèp li a, jan l te pale pa lantremiz bouch

^bpwofèt li yo, epi pou rasanbleman ^csen li yo pou kanpe sou ^dmòn Siyon, ki pral devni vil ^eNouvo Jerizalèm nan.

3 Vil sa a pral bati, pou kòmanse sou pwopriyete ^atanp la, ki te make avèk dwèt Senyè a, nan fwontyè lwès Eta Missouri a, epi dedikase anba men Joseph Smith, pitit la, ak lòt moun ki te fè Senyè a plezi anpil.

4 Anverite, se pawòl Senyè a, pou vil ^aNouvo Jerizalèm nan bati avèk rasanbleman sen yo, pou kòmanse nan plas sa a, plas ^btanp la, menm tanp ki pral bati nan jenerasyon sa a.

5 Paske anverite jenerasyon sa a p ap pase anvan yon kay bati pou Senyè a, epi yon nyaj pral repoze sou li, nyaj sa a se ap ^alaglwa Senyè a menm ki pral ranpli kay la.

6 Epi pitit gason Moyiz yo, dapre Prèttriz Sen li te resevwa anba ^amen bòpè li a, ^bJetwo;

7 Epi Jetwo te resevwa l anba men Kalèb;

8 Epi Kalèb te resevwa l anba men Elihu;

9 Epi Elihu anba men Jeremi;

10 Epi Jeremi anba men Gad;

11 Epi Gad anba men Ezayas;

12 Epi Ezayas te resevwa l anba men Bondye.

13 Ezayas te viv nan epòk

84 1a GE Priyè.

2a GE Izrayèl—Rasanbleman Izrayèl la.

b Tra. 3:19-21.

c GE Sen (non).

d Eza. 2:2-5; Ebre 12:22;

Apok. 14:1;

D&A 76:66; 84:32;

133:18, 56.

e Etè 13:2-11;

D&A 42:8-9; 45:66-67;

AL 1:10.

GE Nouvo Jerizalèm.

3a D&A 57:3.

4a GE Nouvo Jerizalèm.

b GE Tanp, kay Senyè a.

5a D&A 45:67; 64:41-43;

97:15-20; 109:12, 37.

6a GE Men, Enpozisyon.

b GE Jetwo.

Abraram nan tou, epi Abraram te beni l—

14 ^aAbraram sa a ki te resevwa prèttriz la nan men ^bMèlkisedèk, ki te resevwa l pa mwayen liyaj papa li yo, menm jouk nan ^cNoye;

15 Epi depi nan Noye jouk nan ^aEnòk pa mwayen liyaj papa yo;

16 Epi depi nan Enòk jouk nan ^aAbèl, ki te mouri anba ^bkonspirasyon frè li a, ki te ^cresevwa prèttriz la avèk kòmandman Bondye yo, anba men papa li, ^aAdan, ki te premye òm—

17 ^aPrèttriz sa a te kontinye nan legliz Bondye a nan tout jenerasyon yo, epi li san kòmansman jou ni finisman ane yo.

18 Epi Senyè a te konfime yon ^aprèttriz sou ^bAawon ak desandan l yo tou, nan tout jenerasyon yo, prèttriz sa a kontinye tou, epi li ^crete pou tout tan avèk prèttriz ki dapre lòd ki pi sen Bondye a.

19 Epi pi gran prèttriz sa a administre levanjil la epi l kenbe kle ^amistè wayòm nan yo, kle ^bkonesans Bondye a menm.

20 Se poutèt sa, pouvwa Bon-

dye a manifeste nan ^aòdonans prèttriz la yo.

21 Epi san òdonans prèttriz la yo, ak ^aotorite prèttriz la, pouvwa Bondye pa manifeste pou lèzòm nan kò fizik yo;

22 Paske san sa, ^apèsonn moun pa kapab wè figi Bondye, Papa a menm, epi pou l viv.

23 Kounyeya, ^aMoyiz te anseye pitit Izrayèl yo sa nan dezè a byen klè, epi l te chèche avèk dilijans pou l ^bsanktifye pèp li a pou yo te kapab ^ckontanple fas Bondye;

24 Men, yo te fè kè yo ^adi epi yo pa t kapab sipòte prezans li; se poutèt sa, Senyè a nan ^bkòlè li, paske kòlè l te limen kont yo, li te sèman pou yo pa ^cantre nan repo li pandan yo te nan dezè a, repo sa a ki se laglwa li toutantye.

25 Se poutèt sa, li te wete ^aMoyiz nan mitan yo, ak ^bPrèttriz Sen an tou;

26 Epi pi piti ^aprèttriz la te kontinye, prèttriz sa a ki kenbe ^bkle ^cadministrasyon zanj yo ak levanjil preparatwa a;

27 Levanjil sa a ki se levanjil ^arepantans la ak ^bbatèm, ak ^cpadon

14a GE Abraram.
b GE Mèlkisedèk.
c GE Noye, patriyach bibliik.

15a GE Enòk.

16a GE Abèl.

b Moyiz 5:29–32.

c D&A 107:40–57.

d GE Adan.

17a Alma 13:1–19;

Abr. 2:9, 11.

GE Prèttriz Mèlkisedèk.

18a GE Prèttriz Aawon an.

b GE Aawon, frè

Moyiz la.

c D&A 13.

19a D&A 63:23; 107:18–19.
GE Mistè Bondye yo.

b Abr. 1:2.

20a GE Òdonans yo.

21a GE Otorite;

Prèttriz.

22a D&A 67:11.

23a Egz. 19:5–11; 33:11.

b GE Sanktifikasyon.

c Egz. 24:9–11;

D&A 93:1.

24a Egz. 20:18–21; 32:8;

Det. 9:23;

1 Ne. 17:30–31, 42.

b Sòm 95:8;

Ebre 3:8–11;

Jakòb 1:7–8;

Alma 12:36.

c Tjs Egz. 34:1–2

(Apendis);

Nonb 14:23;

Ebre 4:1–11.

25a Det. 34:1–5.

b GE Prèttriz Mèlkisedèk.

26a GE Prèttriz Aawon an.

b D&A 13.

c D&A 107:20.

27a GE Repantans, repanti.

b GE Batèm, batize.

c GE Remisyon

peche yo.

peche, ak ^alalwa kòmandman nan ^elachè yo, Senyè a nan kòlè li te fè kay Aawon an kontinye pami pitit Izrayèl jouk nan tan ^fJan an, Bondye te leve a, ki te ^granpli avèk Sentespri a depi nan vant manman l.

28 Paske li te batize pandan li te toujou nan anfans li, epi yon zanj Bondye te òdone l nan pouwva sa a pandan l te gen laj yui jou, pou l chavire wayòm Juif yo, epi pou l ^aaplani chemen Senyè a devan fas pèp li a, pou prepare yo pou aparisyon Senyè a, nan men limenm ki te resevwa ^btout pouwva a.

29 Epi ankò, ofis ansyen ak evèk yo se branch nesèsè yo ki ^afè pati gran prèttriz la.

30 Epi ankò, ofis enstriktè ak dyak yo se branch nesèsè yo ki fè pati Prèttriz ki piti a, prèttriz sa a ki te konfime sou Aawon ak pitit gason l yo.

31 Se poutèt sa, jan m te pale konsènan pitit gason Moyiz yo—paske pitit gason Moyiz yo ak pitit gason Aawon yo tou pral ofri yon ^aofrann ak yon sakrifis akseptab nan kay Senyè a, kay sa a ki pral bati pou Senyè a nan jenerasyon sa a, sou ^banplasman konsakre m te chwazi a—

32 Epi pitit gason Moyiz yo ak pitit gason Aawon yo pral chaje avèk ^alaglwa Senyè a, sou ^bMòn Siyon a nan kay Senyè a, de moun sa yo nou se pitit yo a; epi tout moun m te aple epi m te voye ale bati ^clegliz mwen an.

33 Paske nenpòt moun ki ^afidèl pou jwenn de ^bprèttriz sa yo m te pale a epi ki mayifye apèl yo, Lespri a ^csanktifye yo pou kò yo kapab renouvle.

34 Yo vin tounen pitit gason Moyiz ak Aawon epi ^adesandan ^bAbraram, ak legliz la ak wayòm nan, ak moun Bondye ^cchwazi yo.

35 Senyè a di, epi tou, tout moun ki resevwa prèttriz sa yo resevwa m;

36 Paske yon moun ki resevwa sèvitè m yo, li ^aresevwa m;

37 Epi yon moun ki resevwa m, li ^aresevwa Papa m;

38 Epi yon moun ki resevwa Papa m, li resevwa wayòm Papa m nan; se poutèt sa l ap ^aresevwa tout sa Papa m genyen.

39 Epi sa se daprè ^asèman ak alyans ki pou prèttriz la.

40 Se poutèt sa, tout moun yo ki resevwa prèttriz la, yo resevwa sèman ak alyans Papa m nan li

27d GE Lwa Moyiz.

e Ebre 7:11–16.

f GE Janbatis.

g Lik 1:15.

28a Eza. 40:3; Mat. 3:1–3; Jan 1:23.

b Mat. 28:18; Jan 17:2; 1 Pyè 3:22; D&A 93:16–17.

29a D&A 107:5.

31a D&A 128:24.

b D&A 57:3.

32a GE Glwa.

b Ebre 12:22;

D&A 76:66;

84:2; 133:56.

c GE Legliz Jezikri.

33a GE Diy, diyite.

b GE Prèttriz.

c GE Sanktifikasyon.

34a Gal. 3:29; Abr. 2:9–11.

GE Abraram—

Desandan

Abraram yo.

b D&A 132:30–32.

GE Alyans Abraram.

c GE Eli.

36a Mat. 10:40–42;

Lik 10:16;

D&A 112:20.

37a Jan 13:20.

38a Lik 12:43–44;

Wom. 8:32;

Apok. 21:7;

3 Ne. 28:10;

D&A 132:18–20.

GE Egzaltasyon.

39a GE Sèman ak

alyans prèttriz la.

pa kapab vyole ni tou li pa kapab chanje.

41 Men, nenpòt moun ki "vyole alyans la apre l fin resevwa l, epi ki vire do ba li totalman, li ^bp ap gen padon pou peche l yo nan mond sa a ni nan mond k ap vini an.

42 Epi malè tout moun ki pa vini nan prètriz sa a nou te resevwa a, epi m konfime sou noumenm ki la jodi a, pa lantremiz vwa pa m ki soti nan syèl la; epi m bay lame selès yo ak "zanj mwen yo responsablite konsènan nou.

43 Epi kounyeya, m ba nou yon kòmandman pou nou fè atansyon avèk tèt pa nou, pou nou koute pawòl lavi etènèl yo avèk "atansyon.

44 Paske nou pral "viv dapre chak pawòl ki soti nan bouch Bondye.

45 Paske "pawòl Senyè a se verite, epi tout sa ki ^bverite se limyè, epi tout sa ki limyè se Lespri, Lespri Jezikri menm.

46 Epi Lespri a bay chak moun ki vini nan mond lan "limyè; epi Lespri a klere ^bchak moun nan mond lan, ki koute vwa Lespri a.

47 Epi chak moun ki koute vwa Lespri a vin jwenn Bondye, Papa a menm.

48 Epi Papa a "anseye l ^balyans li te renouvle epi li te konfime sou nou an, alyans li te konfime sou nou pou byen nou, epi pa sèlman pou byen nou, men, pou byen tout mond lan.

49 Epi tout "mond lan kouche nan peche, epi y ap jemi anba ^btenèb ak anba esklavaj peche.

50 Epi se konsa n ap konnen yo anba "esklavaj ^bpeche, paske yo pa vin jwenn mwen.

51 Paske nenpòt moun ki pa vin jwenn mwen li anba esklavaj peche.

52 Epi nenpòt moun ki pa resevwa vwa "mwen, pa konnen vwa mwen, epi li pa moun pa m.

53 Epi se konsa n ap konnen jis yo ak mechan yo, epi tout "mond lan ap ^bjemi anba "peche ak tenèb menm kounyeya.

54 Epi nan tan lontan, panse nou te bouche akòz "enkredilite, epi poutèt nou te trete bagay nou te resevwa yo alalejè—

55 "Vanite ak enkredilite te mennen tout legliz la anba kondanasyon.

56 Epi kondanasyon sa a re-poze sou pitit Siyon yo, yo tout nèt.

57 Epi yo pral rete anba kondanasyon sa a jistan yo repanti epi yo sonje nouvo "alyans la, ^bLiv

41a GE Apostazi.
b D&A 76:34-38; 132:27.
42a D&A 84:88.
43a 1 Ne. 15:23-25;
D&A 1:14.
44a Det. 8:3;
Mat. 4:4;
D&A 98:11.
45a Sòm 33:4.
GE Pawòl Bondye.
b GE Verite.

46a GE Konsyans;
Limyè, limyè Kris.
b Jan 1:9;
D&A 93:2.
48a GE Enspirasyon,
enspire.
b GE Alyans;
Nouvo alyans etènèl.
49a 1 Jn. 5:19.
b GE Tenèb, espiritiyèl.
50a Gal. 4:9.

b GE Peche.
52a Jan 10:27.
53a GE Mond.
b Wom. 8:22;
Moyiz 7:48.
c GE Mondanite.
54a GE Enkredilite.
55a GE Anven, vanite.
57a Jer. 31:31-34.
b GE Liv Mòmou.

Mòmmon an menm ak ‘ansyen kòmandman m te ba yo, non sèlman pou di, men pou ^dfè dapre sa m te ekri a—

58 Pou yo kapab pote fwi ki nesese pou wayòm Papa yo a; osinon gen yon chatiman ak yon jijman k ap rete pou tonbe sou pitit Siyon yo.

59 Èske pitit yo ki nan wayòm nan pral kontamine peyi sen mwen an? An verite, m di nou, Non.

60 An verite, an verite, m di noumenm k ap tande ^apawòl mwen yo kounyeya ki se vwa m, nou beni toutotan nou resevwa bagay sa yo;

61 Paske m ap ^apadone nou peche nou yo avèk kòmandman sa a—pou nou rete avèk fèmte nanpanse nou nan ^breverans ak lespri priyè, nan rann temwayaj devan tout mond lan konsènan bagay ki te kominike ba nou yo.

62 Se poutèt sa, ^aale nan tout mond lan; epi nenpòt kote nou pa kapab ale voye moun, pou temwayaj la kapab soti nan men nou ale nan tout mond lan jwenn chak kreyati.

63 Epi jan m te di apot mwen yo, se konsa m di nou, paske nou se ^aapot mwen, sa vle di gran prèt Bondye yo; se

noumenm Papa m te ^bban mwen yo; nou se ^czanmi m yo;

64 Se poutèt sa, jan m te di apot pa m yo m di nou ankò, chak ^ananm ki ^bkwè nan pawòl nou yo, epi ki batize nan dlo pou ^cpadon peche yo, y ap resevwa ^dSentespri a.

65 Epi ^asiy sa yo pral suiv moun ki kwè yo—

66 Nan non mwen yo pral fè anpil bèl ^atravay;

67 Nan ^anon mwen yo pral chase demon;

68 Nan non mwen yo pral ^ageri malad;

69 Nan non mwen yo pral louvri je avèg yo, epi louvri zòrèy soud yo;

70 Epi lang bèbè yo pral pale;

71 Epi si nenpòt moun ba yo ^apwazon, li p ap fè yo mal;

72 Epi pwazon sèpan p ap gen pouvwa pou fè yo mal.

73 Men, m ba yo yon kòmandman, pou yo pa fè ^alwanj pou tèt pa yo nan bagay sa yo, ni tou pou yo pa pale yo devan mond lan; paske nou resevwa bagay sa yo pou pwofi nou ak sali.

74 An verite, an verite, m di nou, moun ki pa kwè nan pawòl nou yo epi ki pa ^abatize nan dlo nan non mwen pou padon

57c 1 Ne. 13:40-41.

d Jak 1:22-25;

D&A 42:13-15.

60a D&A 18:34-36.

61a Dan. 9:9.

GE Padon.

b D&A 43:34;

88:121; 100:7.

62a Mak 16:15;

D&A 1:2-5.

GE Travay misyonè.

63a GE Apot.

b 3 Ne. 15:24;

D&A 50:41-42.

c Jan 15:13-15;

D&A 93:45.

64a GE Nanm.

b Mak 16:15-16.

GE Kwayans, kwè.

c GE Remisyon

peche yo.

d GE Don Sentespri.

65a Mak 16:17-18.

GE Siy.

66a GE Zèv.

67a Mat. 17:14-21.

68a GE Geri, gerizon.

71a Mak 16:18; Tra. 28:3-9;

D&A 24:13;

124:98-100.

73a D&A 105:24.

GE Lògèy.

74a 2 Ne. 9:23;

D&A 76:50-52.

GE Batèm, batize—

Lesansyèl.

peche yo, pou yo kapab resevwa Sentespri a, y ap ^bdane, epi yo p ap vini nan wayòm Papa m nan kote Papa m avèk mwen ye a.

75 Epi revelasyon sa a ak kòmandman sa a pou nou, deja an aplikasyon kounyeya menm sou tout mond lan, epi levanjil la pou tout moun ki pa ko resevwa l.

76 Men, an verite, m di nou, tout moun m te bay wayòm nan—nou dwe preche yo, pou yo kapab repanti pou ansyen travay mechanste yo; paske m dwe reprimande yo poutèt kè yo ki mechan nan enkredilite ak frè nou yo ki nan Siyon poutèt rebelyon yo kont nou lè m te voye nou an.

77 Epi ankò m di nou, zanmi m yo, paske kòmanse pou kounyeya m ap rele nou zanmi m, li nesèsè pou m ba nou kòmandman sa a, pou nou vin tankou zanmi m yo nan jou m te avèk yo a, lè m t ap vwayaje pou m preche levanjil la avèk pouvwa m nan;

78 Paske m pa t kite yo gen ni ^abous, ni sak, ni de rad.

79 Gade, m voye nou pou teste mond lan, epi travayè a ^amerite salè li.

80 Epi nenpòt moun ki ale ^apreche ^blevanjil sa a pou wayòm nan, epi ki fè yon jan pou l rete

fidèl nan tout bagay, lespri li e, li p ap fatige nan panse, bouche, ni nan kò, ni nan manm ni nan jwenti, ak jwenti; epi yon ^ccheve nan tèt li p ap tonbe atè san m pa wè l. Epi li p ap grangou ni swaf.

81 Se poutèt sa, pa ^aenkyete nou pou demen pou sa nou pral manje, sa nou pral bwè, oubyen avèk kisa nou pral abiye.

82 Paske konsidere flè lila yo ki nan jaden an, kòman yo grandi, yo pa travay, ni tou yo pa koud; epi wayòm yo ki nan mond lan, nan tout laglwa yo, yo pa byen abiye tankou youn ladan yo.

83 Paske ^aPapa nou ki nan syèl la ^bkonnen nou bezwen tout bagay sa yo.

84 Se poutèt sa, kite demen ^areflechi sou zafè pa l.

85 Ni tou pa dwe enkyete alavans pou ^asa nou pral di; men, ^bmedite pawòl lavi yo nou tout tan nan panse pawòl lavi yo, epi n ap ^cresevwa nan menm lè a pòsyon an ki pral satisfè pou chak moun.

86 Se poutèt sa, okenn nan moun ki pral pwoklame levanjil wayòm nan depi kounyeya pa dwe pran ni bous, ni sak paske kòmandman sa a se pou tout ^afidèl Bondye ki gen apèl nan legliz la pou ministè a.

74^b Jan 3:18.
78^a Mat. 10:9–10;
D&A 24:18.
79^a D&A 31:5.
80^a GE Travay
misyone.
^b GE Levanjil.
^c Lik 21:18.
81^a Mat. 6:25–28.

83^a GE Papa ki nan
Syèl la.
^b Mat. 6:8.
84^a Mat. 6:34.
85^a Mat. 10:19–20;
Lik 12:11–12;
D&A 100:6.
^b 2 Ne. 31:20;
Alma 17:2–3;

D&A 6:20; 11:21–26.
GE Medite.
^c GE Ansenye,
enstriktè—Anseye
avèk Lespri a.
86^a Mat. 24:44–46;
D&A 58:26–29;
107:99–100.

87 Gade, m "voye nou ale pou nou reprimande mond lan nan tout aksyon enjis li yo, epi pou nou ansenye yo konsènan yon jijman ki dwe vini.

88 Epi nenpòt moun ki "resevwa nou, m ap la tou, paske m prale devan nou. M ap sou kote dwat nou ak sou kote goch nou, epi Lespri m ap nan kè nou, epi ^bzanj mwen yo ap alantou nou pou pote nou anlè.

89 Epi nenpòt moun ki resevwa nou, li resevwa m; epi moun sa a ap nouri nou, l ap ba nou rad, epi l ap ba nou lajan.

90 Epi yon moun ki nouri nou, oubyen ki abiye nou, oubyen ki ba nou lajan, li p ap "pèdi rekonsènan li nan okenn fason.

91 Epi yon moun ki pa fè bagay sa yo li pa disip mwen; se konsa n ap konnen disip "mwen yo.

92 Yon moun ki pa resevwa nou, wete kò nou bò kote l pou kont nou, epi menm "lave pye nou avèk dlo, dlo pi, menm si l fè cho oubyen l fè frèt, epi rann temwayaj konsènan li devan Papa nou ki nan syèl la, epi pa retounen kote nonm sa a ankò.

93 Epi nan nenpòt vilaj oubyen vil nou antre, fè menm jan an.

94 Sepandan, chèche avèk di-

lijans epi pa fè eksepsyon; epi malè kay sa a, oubyen vilaj sa a, oubyen vil sa ki rejte nou an, oubyen pawòl nou yo, oubyen temwayaj nou konsènan mwen.

95 M di ankò, malè kay sa a, oubyen vilaj sa a, oubyen vil sa a ki rejte nou an, oubyen pawòl nou yo oubyen temwayaj nou konsènan mwen;

96 Paske mwen menm "Toupuisan an, m mete men m sou nasyon yo pou m ^bpini nasyon yo poutèt "mechanste yo.

97 Epi epidemi prale, epi yo p ap soti sou tè a jistan m konplete travay mwen, ki pral "diminye nan lajistis—

98 Jistan tout moun ki rete yo konnen mwen, depi nan pi piti jouk nan pi gran, epi y ap ranpli avèk konesans Senyè a, epi y ap "wè je nan je, epi y ap leve vwa yo, epi avèk vwa yo ansanm pou yo ^bchante nouvo chan sa a, ki di:

99 Senyè a te pote Siyon ankò; Senyè a te "rachte pèp li a, ^bIzrayèl,

Daprè "desizyon "lagras la, Ki te reyalize dapre lafwa a Ak "alyans papa yo.

100 Senyè a te rachte pèp li a; Epi Satan "mare epi tan pa la ankò.

87a GE Travay misyonè.

88a Mat. 10:40;
Jan 13:20.

b D&A 84:42.
GE Zanj yo.

90a Mat. 10:42;
Mak 9:41.

91a Jan 13:35.

92a Mat. 10:14;
Lik 9:5;

D&A 60:15.

96a GE Omnipotan.
b D&A 1:13-14.

c GE Mechan,
mechanste.

97a Mat. 24:22.

98a Eza. 52:8.

b Sòm 96:1;

Apok. 15:3;

D&A 25:12; 133:56.

GE Chante.

99a Apok. 5:9;
D&A 43:29.

b GE Izrayèl.
c GE Eleksyon.

d GE Gras.

e GE Alyans Abraram.

100a Apok. 20:2-3;
D&A 43:31;
45:55; 88:110.

Senyè a rasanble tout bagay fè
^byoun.

Senyè a mennen ‘Siyon desann
soti anlè a.

Senyè a ^dmennen Siyon monte
soti anba.

101 ^aTè a t ap travay epi l pote
fòs li;

Epi verite tabli nan zantray li;

Epi syèl la souri sou li;

Epi li abiye avèk ^blaglwa Bondye
li a;

Paske li kanpe nan mitan pèp
li a.

102 Se pou laglwa, ak onè ak
pouvwa, ak pisans

Prezante devan Bondye nou an;
paske li plen ^amizèrikòd,
lajistis, lagras ak verite, ak ^blapè,
Pou toujou, ajamè, Amèn.

103 Epi ankò, an verite, an ve-
rite, m di nou, li nesesè pou chak
gason k al pwoklame levanjil
etènèl mwen an, toutotan yo gen
fanmi, epi yo resevwa lajan kòm
kado, pou yo voye l ba yo ou-
byen pou yo itilize l pou benefis
yo, jan Senyè a dirije yo, paske
se konsa m vle l.

104 Epi se pou tout sa ki pa
gen fanmi yo, ki resevwa ^alajan,
voye l bay evèk ki nan Siyon
an, oubyen evèk ki nan Ohio a,
pou l kapab konsakre pou pibli-
kasyon revelasyon yo epi pou
enprime yo, epi pou etabli Si-
yon.

105 Epi si nenpòt moun ba

nou yon manto, oubyen yon
vès, pran vye a epi bay ^apòv li,
epi ale fè wout nou avèk rejwi-
sans.

106 Epi si nenpòt moun pami
nou fò nan Lespri a, se pou l
^apran youn ki fèb mennen avèk
li, pou l kapab edifye nan tout
^bimilite, pou l kapab vin fò tou.

107 Se poutèt sa, pran moun
ki òdone nan ^apipiti prètriz
yo avèk nou, epi voye yo pou
fikse randevou, epi pou pre-
pare chemen an, epi pou ranpli
randevou nou pa kapab ranpli
noumenm.

108 Gade, se konsa apot mwen
yo nan ansyen tan an te bati le-
gliz mwen an pou mwen.

109 Se poutèt sa, se pou chak
moun kanpe nan ofis pa li, epi
pou l travay nan apèl pa li; epi
se pa pou tèl la di pye a li pa be-
zwen l; paske kòman kò a kapab
kanpe san pye a?

110 Epi tou kò a bezwen chak
^amanm, pou yo tout kapab edi-
fye ansanm, pou system nan ka-
pab rete pafè.

111 Epi gade, ^agran prèt yo ta
dwe vwayaje, epi ansyen yo,
epi pipiti ^bprèt yo; men, ^cdyak
yo ak ^aenstriktè yo ta dwe lon-
men pou yo ^evoyeje sou legliz
la, kòm minis an plas pou legliz
la.

112 Epi evèk la, Newel K.
Whitney, ta dwe vwayaje tou

100b Efe. 1:10;

D&A 27:13.

c D&A 45:11-14;

Moyiz 7:62-64.

GE Siyon.

d D&A 76:102; 88:96.

101a GE Tè.

b GE Glwa.

102a GE Mizèrikòd.

b GE Lapè.

104a D&A 51:8-9, 12-13.

105a GE Pòv—Pòv nan
byen materyèl.

106a GE Kominyon Fratèl.

b GE Dou, dousè.

107a GE Prètriz Aawon an.

110a 1 Kor. 12:12-23.

111a GE Gran prèt.

b GE Prèt, prètriz

Aawon.

c GE Dyak.

d GE Enstriktè,

Prètriz Aawon.

e GE Santinèl, veye.

alantou ak pami tout legliz yo, pou l fè rich yo ak ògeye gen “imilite, pou l kapab chèche pòv yo epi pou l kapab ^badministre bezwen yo.

113 Li ta dwe anplwaye yon “ajan tou pou dirije epi pou pran swen travay òdinè li yo tou, jan l endike.

114 Sepandan, se pou evèk la ale nan vil New York la, ak nan vil Albany an, ak nan vil Boston an, pou avèti moun ki nan vil sa yo avèk son levanjil la, avèk yon vwa fò, konsènan “dezolasyon ak destriksyon total k ap rete tann yo si yo rejte bagay sa yo.

115 Paske si yo rejte bagay sa yo lè jijman yo a pre, epi kay pa yo ap tounen yon “dezolasyon pou yo.

116 Se pou l “konfyè nan mwen epi yo p ap ^bkonfonn li; epi yon branch “cheve nan tèt li p ap tonbe atè san m p ap wè l.

117 Epi an verite m di nou, rès sèvitè m yo, ale jan sitiyasyon nou yo pèmèt nou, nan diferan apèl nou yo, nan gwo vil ak vilaj popilè yo, pou nou reprimande mond lan avèk lajistis nan tout enjistis yo ak aksyon endiy yo, pou nou tabli byen klè epi avèk konpreyansyon dezolasyon ak abominasyon nan dènje jou yo.

118 Paske, Senyè a Toupisan an di, avèk noumenm, m ap “dechire wayòm moun sa yo; m p ap sèlman ^bsouke tè a, men, syèl yo ki plen zetwal yo pral tranble.

119 Paske, mwen menm Senyè a, m lonje men mwen pou m manifeste pouvwa syèl la; nou pa kapab wè l kounyeya, men, nan yon ti tan nou pral wè l, epi n ap konnen m egziste, epi m ap “vini pou m ^breye avèk pèp mwen an.

120 M se “Alfa ak Omega, kòmansman an ak finisman an. Amèn.

SEKSYON 85

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Kirtland, Ohio, 27 Novanm 1832. Seksyon sa a se yon ekstrè nan yon lèt Pwofèt la te voye bay William W. Phelps, ki te abite nan Independence, Missouri. Se te yon repons pou kesyon konsènan Sen ki te demenaje ale nan Siyon yo, men ki pa t suiv kòmandman pou konsakre pwopriyete yo epi akozdesa yo pa t resevwa eritaj yo selon lòd yo te etabli nan Legliz la.

1–5, Konsekrasyon se kondisyon pou nou resevwa eritaj nan Siyon;

6–12, Yon moun puisan ak djanm pral bay sen yo eritaj yo nan Siyon.

112a D&A 56:16.

^b GE Antrèd.

113a D&A 90:22.

114a D&A 1:13–14.

115a Lik 13:35.

116a GE Konfyans, konfyè.

^b Sòm 22:5;

1 Pyè 2:6.

^c Mat. 10:29–31.

118a Dan. 2:44–45.

^b Jowèl 2:10;

D&A 43:18; 45:33, 48;

88:87, 90.

GE Dènje jou yo;

Siy tan yo.

119a D&A 1:12, 35–36;

29:9–11; 45:59.

GE Dezyèm

Vini Jezikri.

^b GE Milenyòm.

120a GE Alfa ak Omega.

SE devwa grefye Senyè a, li te lonmen an, pou kenbe istwa ak “rejis jeneral legliz la konsènan tout bagay ki pase nan Siyon, epi konsènan tout moun ki ^bkonsakre pwopriyete, epi ki resevwa eritaj legalman nan men evèk la;

2 Ak fason yo viv, lafwa yo ak zèv yo; epi tou konsènan apostazyon yo ki apostazyon apre yo fin resevwa eritaj yo.

3 Se yon bagay ki kontrè ak volontè epi ak kòmandman Bondye pou moun ki pa resevwa eritaj yo nan “konsekrasyon, dapre lalwa li te bay la, pou l kapab fè pèp li a ^bpeye ladim nan, pou prepare yo pou jou “vanjans ak dife a, ta gen non yo sou lis ansanm avèk pèp bondye a.

4 Ni tou pou kenbe jeneyaloji yo, oubyen kite l kote moun kapab jwenn li sou nenpòt nan rejis oubyen nan istwa legliz la.

5 Senyè tout Lame yo di, moun p ap jwenn non yo, ni non Papa yo, ni non pitit yo nan “liv lalwa Bondye a.

6 Wi, ti vwa “dous ki pale nan moun epi ki ^bpèse tout bagay la, epi ki souvan fè zo m tranble pandan l ap manifeste a di:

7 Epi se pral konsa, mwen menm Senyè Bondye a, m pral voye yon moun ki pisan epi ki djanm, ki gen baton pouvwa a nan men li a, ki abiye avèk limyè

kòm kouvèti a, epi bouch li pral pale pawòl, pawòl etènèl; pandan zantray li pral yon fontèn verite, pou mete kay Bondye a nan lòd, epi pou ranje ak tiraj osò eritaj sen yo ki gen non yo ekri, ak non Papa yo ak non pitit yo, nan liv lalwa Bondye a;

8 Alòske moun sa a Bondye te ap l epi l te lonmen an, ki lonje men l pou l ranfòse “lach Bondye a pral tonbe anba frap lanmò tankou yon pyebwa ki tonbe anba flann vivan zeklè.

9 Epi tout sa ki pa gen non yo ekri nan “liv souveni an yo p ap jwenn eritaj nan jou sa a, men, y ap koupe fè de bout, epi y ap jwenn pozosyon pami enkredil yo kote ki gen ^bkriye ak manje dan.

10 M pa di bagay sa yo poutèt pa m; se poutèt sa jan Senyè a pale a se konsa l ap akonpli tou.

11 Epi moun ki fè pati Gran Prèttriz la, epi ki pa gen non yo ekri nan “liv lalwa a, oubyen ki te ^bapostazyon yo, oubyen yo te “soti nan legliz la, menm jan ak moun ki gen pi piti prèttriz la, oubyen manm yo, nan jou sa a yo p ap jwenn eritaj pami sen Bondye Ki Pi Wo a;

12 Se poutèt sa, y ap trete yo tankou pitit prèt la, jan nou wè nan rejis dezyèm chapit ki nan swasanteyinyèm ak dezyèm vèsè liv Esdras.

85 1a D&A 21:1; 47:1;

69:3–6.

b D&A 42:30–35.

3a GE Konsakre, lwa konsekrasyon.

b GE Dim, dizyèm.

c Mal. 3:10–11, 17;

D&A 97:25–26.

5a GE Liv lavi.

6a 1 Wa 19:11–12;

Ela. 5:30–31;

3 Ne. 11:3–7.

b Ebre 4:12.

8a 2 Sam. 6:6–7;

1 Mal. 13:9–10.

GE Bwat Alyans la.

9a 3 Ne. 24:16;

Moyiz 6:5–6.

GE Liv rapèl.

b D&A 19:5.

11a GE Liv lavi.

b GE Apostazi.

c GE Ekskominikasyon.

SEKSYON 86

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Kirtland, Ohio, 6 Desanm 1832. Pwofèt la te resevwa revelasyon sa a pandan l t ap revize epi korije maniskri tradiksyon Bib la.

1-7, *Senyè a bay siyifikasyon parabol ble ak move zèb la; 8-11, Li eksplike benediksyon prèttriz la pou moun ki eritye legal yo dapre fizik la.*

AN verite mwen, Senyè a m di sèvitè m yo, konsènan “parabol ble ak move zèb la:

2 Gade, an verite m di, jaden an se te mond lan, epi apot yo se te moun ki t ap simen semans yo;

3 Epi apre yo te tonbe nan somèy, gran pèsèkitè legliz la, aposta a, postitye a, sa vle di “Babilòn, ki fè tout nasyon yo bwè nan tas li a, ki bay plas nan kè yo ou ènmi an, sa vle di Satan, chita pou l reye—gade, l ap simen move zèb yo; se poutèt sa move zèb yo toufe ble a epi li mennen ^blegliz la ale nan dezè a.

4 Men gade, nan “dènye jou yo, kounyeya menm pandan Senyè a kòmanse pote pawòl la, epi tij la monte anlè epi li toujou wòwòt—

5 Gade an verite, m di nou, “zanj yo ap kriye nan pye Senyè a lajounen tankou nan nuit, yo pare epi y ap rete tann pou voye yo ^brekòlte jaden an;

6 Men, Senyè a di yo, pa ra-che move zèb sa yo pandan tij yo wòwòt la (paske gade lafwa nou fèb), pou nou pa detwi ble a tou.

7 Se poutèt sa, kite ble a ak move zèb la grandi ansanm jistan rekòt la mi nèt; apre sa n ap rasanble ble a pami move zèb yo dabò, epi apre nou fin rasanble ble a, gade mare move zèb yo la pral mare fè pakèt, epi jaden an pral rete pou l boule.

8 Se poutèt sa, Senyè a di nou, noumenm “prèttriz la te kontinye avèk nou an, nan liyaj Papa nou yo—

9 Paske nou se “eritye legal dapre kò fizik la, epi nou te ^bkache lwen mond lan avèk Kris la nan Bondye—

10 Se poutèt sa vi nou ak prèttriz la rete, epi li dwe rete nan noumenm ak liyaj nou jouk nan nou “retablisman tout bagay bouch pwofèt sen yo te pale depi mond lan te kòmanse a.

11 Se poutèt sa, nou beni si nou kontinye nan bonte m, yon “limyè pou Janti yo epi pa mwanyen prèttriz sa a, yon sovè pou pèp ^bIzrayèl mwen an. Senyè a te di sa. Amèn.

86 1a Mat. 13:6-43;
D&A 101:64-67.

3a Apok. 17:1-9.
GE Babel, Babilòn.

b Apok. 12:6, 14.
4a GE Dènye jou yo.

5a D&A 38:12.

b GE Rekòt.

8a D&A 113:8.

GE Prèttriz Mèlkisedèk.

9a Abr. 2:9-11.

GE Alyans Abraram.

b Eza. 49:2-3.

10a Tra. 3:19-21.

GE Retablisman
levanjil la.

11a Eza. 49:6.

b D&A 109:59-67.

SEKSYON 87

Revelasyon ak pwofesi sou lagè, Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland oubyen pre Kirtland, Ohio, 25 Desanm 1832. Nan moman sa a, dispit ki t ap fèt Ozetazini sou esklavaj ak anilasyon tarif federal Kawolin diSid yo te trè kouran. Istwa Joseph Smith la deklare ke “aparans twoub nan mitan nasyon yo” te vin “pi vizib” pou Pwofèt la “pase yo te janm ye anvan, depi lè Legliz la te kòmanse vwayaj li soti nan dezè a.”

1–4, *Prediksyon lagè ant Eta Nò yo ak Eta Sid yo*; 5–8, *Anpil kalamite pral tonbe sou moun ki sou tè a.*

AN verite, Senyè a di konsènan lagè ki pral fèt pwochènman, ki pral kòmanse avèk rebelyon “Kawolin diSid a, ki pral fini nan lanmò ak mizè anpil nanm;

2 Epi tan an pral rive pou ^alagè gaye sou tout nasyon, pou kòmanse bò isit la.

3 Paske gade, Eta Sid yo pral divize kont Eta Nò yo, epi eta Sid yo pral rele lòt nasyon, nasyon Grann Bretay la menm, jan yo rele l la, epi yo pral rele lòt nasyon pou yo kapab defann tè yo kont lòt nasyon, epi apre sa ^alagè pral gaye sou tout nasyon.

4 Epi se pral konsa, apre anpil jou, ^aesklav pral leve kont mèt yo, ki pral resevwa lòd ak disiplin pou lagè.

5 Epi se pral konsa tou, rès yo

ki rete nan peyi a pral mobilize tè yo, epi yo pral vin fache anpil, epi yo pral aflije Janti yo avèk yon afliksyon kriyèl.

6 Epi konsa, avèk epe epi avèk san koule, abitan yo ki sou tè a pral ^aplenyen; epi avèk ^bfamin, ak epidemi, ak tranbleman tè, ak loray nan syèl la, ak gwo kout zeklè dife, abitan yo ki sou tè a pral santi kòlè, ak endiyasyon, ak ^cchatiman ki soti nan men yon Bondye Toupisan, jistan destriksyon ki te dekrete a ^afini avèk tout nasyon yo nèt;

7 Pou kriye sen yo, ak ^asan sen yo kapab sispann monte nan zòrèy Senyè ^bTout Lame yo, soti sou tè a, pou mande vanjans kont ènmi yo.

8 Senyè a di, se poutèt sa, ^arete nan kote ki sen, epi pa kite moun deplase nou, jistan jou Senyè a vini; paske gade, l ap vini ^brapid rapid. Amèn.

SEKSYON 88

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Kirtland, Ohio,

87 1a D&A 130:12–13.
2a Jowèl 3:9–16;
Mat. 24:6–7;
D&A 45:26, 63; 63:33.
3a D&A 45:68–69.
4a D&A 134:12.

6a D&A 29:14–21; 45:49.
b M—JS 1:29.
c GE Chatye, chatiman.
d GE Mond—Finisman
mond lan.
7a Etè 8:22–24.

b Jak 5:4;
D&A 88:2; 95:7.
8a Mat. 24:15;
D&A 45:32;
101:21–22.
b Apok. 3:11.

27 ak 28 Desanm 1832, ak 3 Janvye 1833. Pwofèt la te deziye l kòm “fèy oliv la’ . . . ki te soti nan Pyebwa Paradi a, mesaj lapè Senyè a ba nou an.” Yo te resevwa revelasyon sa a apre plizyè gran prèt nan yon konferans te priye “Senyè a separeman epi awotwa pou l te revele volonte li pou nou konsènan etablisman Siyon an.”

1-5, Sen ki fidèl yo resevwa Konsolatè sa a, ki se pwomès lavi etènèl; 6-13, Se avèk Limyè Kris la tout bagay kontwole epi gouvène; 14-16, Rezirèksyon an vini pa mwayen Redanmsyon an; 17-31, Obeyisans lalwa selès, lalwa terès, oubyen lalwa telès prepare lèzòm pou wayòm ak laglwa respektif sa yo; 32-35, Moun ki vle rete nan peche ap toujou rete sal; 36-41, Se avèk lalwa tout wayòm yo dirije; 42-45, Bondye te bay yon lalwa pou tout bagay; 46-50, Lòm pral menm rive konprann Bondye; 51-61, Parabòl moun ki te voye sèvitè l yo nan jaden an epi ki te vizite yo youn apre lòt la; 62-73, Pwoche pre Senyè a epi n ap wè figi Li; 74-80, Sanktifize tèt nou epi ansenye youn lòt doktrin wayòm nan; 81-85, Chak moun ki te avèti dwe avèti pwochen l; 86-94, Siy, chanjman nan eleman yo, ak zanj ap prepare chemen an pou aparisyon Senyè a; 95-102, Twonpèt zanj la rele mò yo dapre lòd yo; 103-116, Twonpèt zanj la pwoklame retablisman levanjil la, chit Babilòn nan, ak batay Bondye ki gran an; 117-126, Chèche aprann, etabli yon kay pou Bondye (yon tanp), epi abiye tèt nou avèk lyen charite a; 127-141, Lòd Lekòl

Pwofèt yo tabli, ansanm avèk òdonans lavman pye a.

AN verite, se pawòl Senyè pou noumenm ki rasanble ansanm pou resevwa volonte li konsènan nou:

2 Gade, sa fè Senyè nou an plezi, epi zanj yo ^arejwi akoz nou; epi ^bl'acharite priyè nou yo monte nan zòrèy Senyè ^cTout Lame yo, epi yo anrejistre nan ^dliv ki gen non moun ki sanktifize yo, moun mond selès yo menm.

3 Se poutèt sa, kounyeya m voye youn lòt ^aKonsolatè ba nou, sou noumenm zanmi m yo, pou l kapab rete nan kè nou, ^bSentespri pwomès la menm; lòt Konsolatè sa a ki se menm m te pwomèt disip mwen yo, jan sa anrejistre nan temwayaj Jan an.

4 Konsolatè sa a se pwomès m ba nou konsènan ^alavi etènèl, ^blaglwa Wayòm selès la menm;

5 Laglwa sa a ki se laglwa legliz ^aPremyene a, sa vle di Bondye, ki pi sen pase tout lòt, pa entèmedyè Jezikri, Pitit Gason li a—

6 Li menm ki te ^amonte nan syèl la, menm jan tou li te ^bdesann pi ba tout bagay, yon fason

88 ^a Lik 15:10.
^b Tra. 10:1-4.
GE Priyè.
^c Jak 5:4;
D&A 95:7.
^d GE Liv lavi.

3 ^a Jan 14:16.
^b D&A 76:53.
GE Sentespri
pwomès la.
4 ^a D&A 14:7.
^b GE Glwa selès.

5 ^a GE Premye ne,
premyene.
6 ^a GE Jezikri.
^b D&A 122:8.
GE Ekspyasyon,
ekspye.

pou l te kapab ‘konprann tout bagay, pou l kapab nan tout bagay epi pa mwayen tout bagay, ^alimyè verite a;

7 Verite sa a ki briye a. Sa se ^alimyè Kris la. Menm jan tou li nan solèy la, epi li se limyè solèy la, epi se avèk pouvwa li solèy la te ^bfèt.

8 menm jan tou li nan lalin nan, epi li se limyè lalin nan, epi se avèk pouvwa li lalin nan te fèt;

9 menm jan tou limyè zetwal yo, epi se avèk pouvwa li yo te fèt;

10 Epi tè a tou ak pouvwa li, tè kote nou ^akanpe a menm.

11 Epi limyè ki briye a, ki ba nou limyè a, se pa mwayen limenm ki klere je nou yo, se menm limyè sa a tou ki vivifye ^aentèlijans nou;

12 ^aLimyè sa a ki soti nan prezans Bondye pou ^branpli tout espas la nèt—

13 Limyè ki nan ^atout bagay, ki bay tout bagay ^blavi, ki se ^clalwa ki gouvène tout bagay, menm pouvwa Bondye ki chita sou twòn li a, ki anndan letènite a, ki nan mitan tout bagay.

14 Kounyeya, an verite m di

nou, pa mwayen ^aredanmsyon ki te fèt pou nou an, rezirèksyon mò yo te reyalize.

15 Epi ^alespri a ak ^bkò a se ^cnanm lòm.

16 Epi ^arezirèksyon mò yo se redanmsyon nanm nan.

17 Epi redanmsyon nanm yo fèt pa lantremiz limenm ki vivifye tout bagay, anndan li dekrè a soti pou fè konnen ^apòv yo ak ^bmoun dou yo ki sou ^ctè a pral eritye l.

18 Se poutèt sa, li nesesè pou l sanktifye anba tout enjistis, pou l kapab pare pou laglwa ^aselès la;

19 Paske apre l fin ranpli mezi kreyasyon li a, li pral kouwone avèk ^alaglwa, avèk prezans Papa Bondye menm;

20 Pou kò ki fè pati wayòm selès yo kapab ^aposede l pou tout tan; paske se nan ^bentansyon sa a li te fèt epi li te kreye, epi se nan entansyon sa a yo ^csanktifye.

21 Epi moun ki pa sanktifye pa mwayen lalwa m te ba nou an, lalwa Kris la menm, yo dwe eritye lòt wayòm, menm yon wayòm terès, oubyen yon wayòm telès.

6c GE Omissyan.

d D&A 93:2, 8–39.

GE Limyè, limyè Kris; Verite.

7a Mowo. 7:15–19; D&A 84:45.

b Jen. 1:16.

GE Kreyasyon, kreye.

10a Moyiz 2:1.

11a GE Konpreyansyon.

12a GE Limyè, limyè Kris.

b Jer. 23:24.

13a Kol. 1:16–17.

b Det. 30:20;

D&A 10:70.

c Jòb 38;

D&A 88:36–38.

GE Lwa.

14a GE Ekspyasyon, ekspyè; Plan redanmsyon.

15a GE Lespri; Lèzòm, lòm—Lòm, yon pitit espiyèl Papa Bondye.

b GE Kò.

c Jen. 2:7.

GE Nanm.

16a Alma 11:42.

GE Rezirèksyon.

17a GE Pòv.

b GE Dou, dousè.

c GE Tè—Eta final tè a.

18a GE Glwa selès.

19a D&A 130:7–9.

20a D&A 38:20.

b Moyiz 1:39.

GE Lèzòm, lòm—

Lòm, gen potansyalite pou vin tankou Papa Bondye.

c GE Sanktifikasyon.

22 Paske yon moun ki pa kapab sipòte ^alalwa yon wayòm selès, li pa kapab sipòte yon laglwa selès.

23 Epi yon moun ki pa kapab sipòte lalwa yon wayòm ^aterès, li pa kapab sipòte yon laglwa terès.

24 Epi yon moun ki pa kapab sipòte lalwa yon wayòm ^atelès, li pa kapab sipòte yon laglwa telès; se poutèt sa li pa pare pou yon wayòm laglwa. Se poutèt sa, li dwe rete nan yon wayòm ki pa yon wayòm laglwa.

25 Epi ankò, an verite m di nou, ^atè a sipòte lalwa yon wayòm selès, paske li ranpli mezi kreyasyon li a, epi li pa transgrese lalwa a—

26 Se poutèt sa, li pral ^asanktifye; wi, malgre l pral ^bmouri, l ap vivifye ankò, epi li pral sipòte pouwa ki vivifye l la, epi ^cmoun ki jis yo pral ^deritye l.

27 Paske malgre yo mouri, yo pral ^aleve ankò, yon ^bkò espri-tyèl.

28 Moun ki gen yon lespri selès yo pral resevwa menm kò a ki te yon kò natirèl; nou menm tou pral resevwa kò nou, epi ^alaglwa nou pral menm laglwa ki te ^bvivifye kò nou an.

29 Moun yon pòsyon laglwa

^aselès la te vivifye yo pral resevwa menm nan, menm yon totalite.

30 Epi moun pòsyon glwa ^aterès la te vivifye yo pral resevwa menm nan, so vle toutnèt.

31 Epi tou moun yon pòsyon laglwa ^atelès te vivifye yo pral resevwa menm nan, sa vle di toutnèt.

32 Epi moun ki rete yo pral ^avivifye tou; sepandan, yo pral retounen nan plas pa yo, pou yo jwi sa yo te ^bvle resevwa a, paske yo pa t vle jwi sa yo ta kapab resevwa.

33 Paske kisa sa itil yon moun si yo te ba li yon don, epi li pa resevwa don an? Gade, li pa rejwi l nan bagay yo te ba li a, ni tou moun ki te ba l don an pa rejwi tou.

34 Epi ankò, an verite m di nou, yon bagay lalwa gouvène lalwa a prezève l tou epi lalwa a pèfeksyone l epi ^asanktifye l tou.

35 Yon bagay ki ^avyole yon lalwa, epi ki pa sipòte lalwa a, men ki chèche vin tounen yon lalwa pou tèt pa li, epi ki vle rete nan peche, epi ki rete nan peche nèt, lalwa pa kapab sanktifye l, ni ^bmizèrikòd, ni ^clajistis, ni jijman. Se poutèt sa yo dwe toujou rete ^dsal.

22a D&A 105:5.

23a GE Glwa terès.

24a GE Glwa telès.

25a GE Tè.

26a GE Tè—Eta final tè a.

b GE Mond—Finisman mond lan.

c 2 Pyè 3:11–14.

GE Jis, jistis.

d Mat. 5:5;

D&A 45:58;

59:2; 63:49.

27a GE Rezirèksyon.

b 1 Kor. 15:44.

28a GE Jijman, Dènye a.

b D&A 43:32;

63:51; 101:31.

29a GE Glwa selès; Lèzòm, lòm—Lòm, gen potansyalite pou vin tankou Papa Bondye.

30a GE Glwa terès.

31a GE Glwa telès.

32a Alma 11:41–45.

b GE Lib abit.

34a GE Sanktifikasyon.

35a GE Rebelyon.

b GE Mizèrikòd.

c GE Jistis.

d Apok. 22:11;

1 Ne. 15:33–35;

2 Ne. 9:16; Alma 7:21.

36 Tout wayòm resevwa yon lalwa;

37 Epi gen anpil “wayòm; paske pa gen okenn espas ki pa gen wayòm; epi pa gen okenn wayòm ki pa gen espas, menm si se yon wayòm ki pi gran oubyen ki pi piti.

38 Epi chak wayòm resevwa yon “lalwa; epi chak lalwa gen sèten lyen ak kondisyon tou.

39 Tout èt ki pa obeyi “kondisyon sa yo pa ^bjistifye.

40 Paske “entèlijans mare ak entèlijans; ^blasajès resevwa lasajès; ^cverite anbrase verite; ^dvèti renmen vèti; ^elimyè atache a limyè; mizèrikòd gen ^fkonpasyon pou mizèrikòd epi l reklame sa ki pou li; lajistis kontinye wout li epi li reklame sa ki pou li; jijman ale devan moun ki sou twòn nan ki gouvène epi ki egzekite tout bagay.

41 Li “konprann tout bagay, epi tout bagay devan l, epi tout bagay antoure l, epi l alatèt tout bagay, epi l anndan tout bagay, epi l nan tout bagay, epi l antoure tout bagay; epi li fè tout bagay, epi tout bagay soti nan li, sa vle di Bondye, pou toujou epi ajamè.

42 Epi ankò, an verite m di nou, li bay yon lalwa pou tout

bagay, ki pèmèt yo deplase nan “tan yo ak sezon yo;

43 Epi kous yo fikse, sa vle di kous syèl la ak tè a, ki genyen tè a ak tout planèt yo.

44 Epi yo youn bay lòt “limyè nan tan yo ak sezon yo, nan minit yo, nan lè yo, nan jou yo, nan semèn yo, nan mwa yo, nan ane yo—tout bagay sa yo se ^byon ane pou Bondye, men pa pou lòm.

45 Tè a woule sou zèl li yo, epi “solèy la bay limyè l pandan lajounen, epi lalin nan bay limyè l nan nuit, epi zetwal yo bay limyè yo tou, pandan y ap woule sou zèl yo nan laglwa yo, nan mitan ^bpouvwa Bondye.

46 Avèk kisa m ta konpare wayòm sa yo, pou nou kapab konprann?

47 Gade tout sa yo se wayòm, epi nenpòt moun ki wè youn oubyen pi piti ki pami yo a, li “wè Bondye k ap deplase nan majeste l ak pouvwa l.

48 M di nou, li wè l; sepandan, li te vin kote moun “pa l yo epi yo pa t konprann li.

49 “Limyè a klere nan tenèb, epi tenèb la pa konprann ni; sepandan, jou a pral rive pou nou ^bkonprann menm Bondye, paske n ap vivifye nan li epi akoz li.

37a D&A 78:15.

38a D&A 88:13.

39a D&A 130:20–21.

b GE Jistifikasyon, jistifye.

40a GE Entèlijans, entèlijans yo.

b GE Sajès.

c GE Verite.

d GE Vèti.

e GE Limyè, limyè Kris.

f GE Konpasyon.

41a 1 Jn. 3:20;

1 Ne. 9:6;

2 Ne. 9:20;

D&A 38:1–3.

GE Omnisyan.

42a Dan. 2:20–22;

Abr. 3:4–19.

44a GE Limyè, limyè Kris.

b Sòm 90:4;

2 Pyè 3:8.

45a Jen. 1:16;

Abr. 4:16.

b D&A 88:7–13.

47a Alma 30:44;

Moyiz 1:27–28; 6:63;

Abr. 3:21.

48a Jan 1:11;

3 Ne. 9:16;

D&A 39:1–4.

49a D&A 6:21; 50:23–24;

84:45–47.

b Jan 17:3;

D&A 93:1, 28.

50 Lè sa a n ap konnen nou te wè m, m egziste, epi m se vrè limyè ki nan nou an, epi nou nan mwen; san sa nou pa t ap kapab reziste.

51 Gade, m ap konpare wayòm sa yo avèk yon moun ki gen yon jaden, epi l voye sèvitè l yo nan jaden an pou laboure jaden an.

52 Epi l di premye a: Ale travay nan jaden an epi nan premye lè a m ap vini kote ou, epi w ap wè lajwa ki sou figi m.

53 Epi l di dezyèm nan: Ale nan jaden an tou, epi nan dezyèm lè a m ap vizite ou avèk lajwa ki sou figi m.

54 Epi tou li di twazyèm nan: m ap vizite nou;

55 Epi l di katriyèm nan, epi l kontinye jouk nan douzyèm nan.

56 Epi Senyè jaden an t al kote premye a nan premye lè a, epi li te rete avèk li pandan tout lè sa a, epi l te kontan wè limyè ki te sou figi Senyè li a.

57 Epi l te kite premye a pou l kapab vizite dezyèm nan, ak twazyèm nan, ak katriyèm nan, jouk nan douzyèm nan.

58 Epi konsa, yo tout te resevwa limyè figi Senyè yo a, chak moun nan lè pa l, epi nan tan pa l, epi nan sezon pa l—

59 Li te kòmanse sou premye a ale nan ^adènnye a, epi nan

dènnye a retounen ale nan premye a, epi nan premye a ale nan dènnye a;

60 Chak moun nan lòd pa l, jistan lè pa l la fini, jan Senyè li a te kòmande l la, pou Senyè li a te kapab glorifye nan li, epi pou limenm glorifye nan Senyè li a, pou yo tout kapab glorifye.

61 Se poutèt sa, m ap konpare parabol sa a avèk tout wayòm sa yo, ak ^aabitant ki ladan yo—chak wayòm nan lè pa l, ak sezon pa l, sa vle di dapre dekrè Bondye te pran an.

62 Epi ankò, an verite m di nou, ^azanmi m yo, m kite pawòl sa yo avèk nou pou nou ^bmedite nan kè nou, avèk kòmandman sa m ba nou, pou nou ^crele non mwen pandan m pre a—

63 ^aPwoche kote m epi m ap pwoche kote nou; ^bchèche m avèk dilijans epi n ap ^cjwenn mwen; mande epi n ap resevwa; frape epi y ap louvri pou nou.

64 Nenpòt sa nou ^amande Papa a nan non mwen ki ^bnesesè pou nou, n ap resevwa l;

65 Si nou mande nenpòt bagay ki pa ^anesesè pou nou, l ap tounen yon ^bkondanasyon pou nou.

66 Gade, sa nou tande a se ^avwa moun k ap rele nan dezè a—nan dezè a paske nou kapab wè l—vwa m, paske vwa m se

59a Mat. 20:1–16.

61a D&A 76:24.

62a D&A 84:63;
93:45.

b GE Medite.

c Eza. 55:6;

Jak 1:5;

D&A 46:7.

63a Zak. 1:3;

Jak 4:8;

Apok. 3:20.

b 1 Kwo. 28:9;

Etè 12:41;

D&A 101:38.

c D&A 4:7; 49:26.

64a GE Priyè.

b D&A 18:18;

46:28–30.

65a Jak 4:3.

b D&A 63:7–11.

66a Eza. 40:3;

1 Ne. 17:13;

Alma 5:37–38;

D&A 128:20.

^bLespri; Lespri m se verite; ^cverite rete epi l pa gen finisman; epi si l nan nou l ap fè abondans.

67 Epi si je nou fikse ^asèlman sou ^blaglwa m, tout kò nou ap ranpli avèk limyè, epi p ap gen tenèb nan nou; epi kò sa a ki ranpli avèk limyè a ^ckonprann tout bagay.

68 Se poutèt sa, ^asanktifye tèt nou pou ^bpanse nou kapab fikse sèlman sou Bondye, epi jou yo pral vini pou nou ^cwè l; paske li pral devwale figi l devan nou, epi se pral nan tan pa l, nan fason pa l, epi daprè volonte pa l.

69 Sonje dènye gwo pwomès m te fè nou an; chase ^amovepanse nou yo epi sispann ^bri twòp.

70 Rete, rete kote nou ye a, epi konvoke yon asanble solanèl, sa vle di yon asanble moun ki se premye travayè yo nan dènye wayòm sa a.

71 Epi se pou moun yo te ^aavètì pandan yo t ap vwayaje yo rele non Senyè a, epi pou yo medite sou avètisman yo te resevwa a nan kè yo pandan yon ti tan.

72 Gade, m ap pran swen

twoupo nou yo, epi m ap leve ansyen pou m voye ba yo.

73 Gade, m ap akselere travay mwen an nan tan pa li.

74 Epi m ap ba nou menm ki se premye ^atravayè yo nan dènye wayòm nan, yon kòmandman pou nou rasanble nou ansanm, pou nou òganize nou, pou nou prepare nou, epi pou nou ^bsanktifye tèt nou; wi, pi-rifye kè nou, epi ^cnetwaye men nou yo ak pye nou yo devan mwen, pou m kapab fè nou ^dpwòp;

75 Pou m kapab temwaye devan ^aPapa nou, ak Bondye nou, ak Bondye m nan, nou pwòp anba san jenerasyon mechan sa a; pou m kapab akonpli pwomès sa a, gwo dènye pwomès sa a m te fè nou an, lè m vle.

76 Epi tou, m ba nou yon kòmandman pou nou kontinye nan ^apriyè ak ^bjèn depi kounyeya.

77 Epi m ba nou kòmandman pou nou ^aansenye youn lòt ^bdoktrin wayòm nan.

78 Ansenye avèk dilijans epi ^alagras mwen ap vini sou nou, pou nou kapab ^benstwi pi pafètman nan tewori, nan prensip, nan doktrin, nan lalwa levanjil

66 *b* GE Limyè, limyè Kris; Sentespri.

c GE Verite.

67 *a* Mat. 6:22; Lik 11:34-36; D&A 82:19.

b Jan 7:18.

c Pwov. 28:5; D&A 93:28.

GE Disènman, Don.

68 *a* GE Sanktifikasyon.

b GE Panse (lespri).

c D&A 67:10-13; 93:1; 97:15-17.

69 *a* Mat. 12:36;

Mozya 4:29-30;

Alma 12:14.

b D&A 59:15; 88:121.

71 *a* GE Avètì, avètisman.

74 *a* Mat. 20:1, 16.

b Lev. 20:7-8;

3 Ne. 19:28-29;

D&A 50:28-29;

133:62.

c GE Pwòp ak

malpwòp.

d Etè 12:37.

75 *a* GE Bondye,

Divinite—Bondye

Papa a;

Lèzòm, lòm—Lòm,

yon pitit espirityèl

Papa Bondye;

Papa ki nan Syèl la.

76 *a* GE Priyè.

b GE Jèn, jene.

77 *a* GE Ansenye, enstriktè.

b GE Doktrin Kris.

78 *a* GE Gras.

b D&A 88:118;

90:15; 93:53.

la, nan tout bagay ki gen rapò avèk wayòm Bondye a, ki nesèsè pou nou konprann;

79 Konsènan bagay ki nan “syèl la ak sou tè a, ak anba tè a; bagay ki te egziste, bagay ki egziste, bagay ki dwe rive pwochènman; bagay ki lakay nou, bagay ki nan peyi etranje; ^blagè yo ak sitiyasyon konplike ki pami nasyon yo, ak jijman ki nan peyi a; epi yon konesans konsènan peyi yo ak wayòm yo—

80 Pou nou kapab prepare nan tout bagay lè m voye nou ankò pou nou mayifye apèl m te ba nou a, ak misyon m te otorize nou an.

81 Gade, m te voye nou pou nou kapab ^atemwaye epi avèti pèp la, epi se pou chak moun ki te resevwa avètisman ^bavèti pwochen l.

82 Se poutèt sa, yo rete san eskiz, epi peche yo sou tè pa yo.

83 Yon moun ki ^achèche m ^bbonè l ap jwenn mwen, epi m p ap bliye l.

84 Se poutèt sa, rete epi travay avèk dilijans, pou nou kapab pèfeksyone nan ministè nou genyen pou ale pami ^aJanti yo pou yon dènnye fwa, otan moun bouch Senyè a aple, pou ^bmare

lalwa a epi pou sele temwayaj la, epi pou prepare sen yo pou lè jijman ki pral vini an;

85 Pou nanm yo kapab chape anba kòlè Bondye, ^adezolasyon abominasyon k ap rete tann mechan yo, ni nan mond sa a ak nan mond k ap vini an. An verite, m di nou, kite sa ki pa premye ansyen yo kontinye nan travay la jistan bouch Senyè a ^baple yo, paske lè yo poko rive; rad yo poko ^cpwòp anba san jenerasyon sa a.

86 Rete nan ^alibète ki fè nou ^blib la; pa ^canpetre tè nou nan ^dpeche, men, ^epwòpte men nou jistan Senyè a vini.

87 Paske, pa rete anpil jou, ^atè a pral ^btranble epi l pral balanse pasi-pala tankou yon moun ki sou; ^csolèy la pral kache figi l, epi l pral refize bay limyè l; lalin nan pral benyen nan ^dsan; epi ^ezetwal yo pral vin fache anpil, epi yo pral lage tè yo desann tankou yon fig frans ki sot tonbe nan yon pye fig.

88 Epi apre temwayaj nou, kòlè ak endiyasyon pral vini sou pèp la.

89 Paske apre temwayaj nou, temwayaj ^atranbleman tè ap vini, ki pral lakòz lamantasyon nan mitan tè a, lèzòm pral

79a GE Syèl.

b GE Lagè.

81a GE Temwaye.

b D&A 63:58.

GE Avèti,
avètisman.

83a Det. 4:29–31;

Jer. 29:12–14;

D&A 54:10.

b Alma 37:35.

84a I—JS 1:41.

b Eza. 8:16–17.

85a Mat. 24:15.

b D&A 11:15.

c 1 Ne. 12:10–11;

Jakòb 1:19; 2:2;

D&A 112:33.

GE Pi, pite.

86a Mozya 5:8.

GE Libète.

b Jan 8:36.

GE Lib, libète;

Lib abit.

c Gal. 5:1.

d GE Peche.

e Jòb 17:9;

Sòm 24:4;

Alma 5:19.

87a Eza. 13:4–13.

b D&A 43:18.

c Jowèl 2:10;

D&A 45:42;

133:49.

d Apok. 6:12.

e Jowèl 3:15.

89a D&A 45:33.

tonbe atè epi yo p ap kapab kanpe.

90 Epi temwayaj yon “vwa lo-ray pral vini, ak vwa zeklè, ak vwa tanpèt, ak vwa lanm lanmè yo ki pral depase limit yo.

91 Epi tout bagay pral “touwante; epi an verite kè lèzòm pral sote; paske lakrent pral anvayi tout moun.

92 Epi “zanj pral vole nan mitan syèl la, pou yo rele avèk yon vwa fò, pou yo sonnen twonpèt Bondye a, ki di: Prepare nou, prepare nou, O, abitan yo ki sou tè a; paske jijman Bondye ap vini. Gade, ^bmesye marye a ap vini; soti pou nou ale rankontre l.

93 Epi imedyatman pral gen yon “gwo siy ki pral parèt nan syèl la, epi tout moun pral wè l ansanm.

94 Epi yon lòt zanj pral sonnen twonpèt pa li, ki di: “gwo ^blegliz sa a, ^cmanman abominasyon yo, ki te fè tout nasyon yo bwè diven kòlè ^dfònikasyon li a, ki pèsekite sen Bondye yo, ki koule san yo a—limenm ki chita sou anpil dlo yo, ak sou zile yo ki sou lanmè a—gade li se move ^ezèb ki sou tè a; li mare fè pakèt; li mare solid, pèsonn pa kapab demare yo; se poutèt, sa li pare pou l ^fboule. Epi zanj

la pral sonnen twonpèt li lontan epi byen fò, epi tout nasyon pral tande l.

95 Epi pral gen “silans nan syèl la pandan demiyètan; epi imedyatman apre sa rido syèl la pral devlope, tankou yon ^bwoulo ki devlope apre l te fin woule, epi ^cfigi Senyè a pral devwale;

96 Epi sen yo ki sou tè a, ki vivan yo pral vivifye epi yo pral “monte pou rankontre l.

97 Epi moun ki t ap dòmi nan tonm yo “pral leve, paske tonm yo pral louvri; epi yo pral monte tou pou yo rankontre li nan mitan kolòn selès la—

98 Yo se moun Kris la, “premye fwi yo, yo menm ki pral desann avèk li anvan an, epi yo menm ki sou tè a ak nan tonm yo, ki monte an premye pou yo rankontre l la; epi tout sa pral fèt avèk vwa twonpèt Bondye a ki pral sonnen.

99 Epi apre sa, yon lòt zanj pral sonnen, sa ki se dezyèm twonpèt la, epi apre sa se pral redanmsyon moun ki pou Kris yo lè aparasyon li a; ki te resevwa pa yo nan “prizon sa a ki te prepare pou yo a, pou yo kapab resevwa levanjil la, epi pou yo kapab ^bjije dapre lèzòm nan kò fizik la.

90a Apok. 8:5;
D&A 43:17–25.

91a D&A 45:26.

92a Apok. 8:13;
D&A 133:17.

^b Mat. 25:1–13;
D&A 33:17; 133:10, 19.

93a Mat. 24:30;
Lik 21:25–27.

GE Siy tan yo.

94a 1 Ne. 13:4–9.

^b GE Dyab—
Legliz dyab la.

^c Apok. 17:5.

^d Apok. 14:8.

^e Mat. 13:38.

^f D&A 64:23–24;
101:23–25.

GE Tè—Netwayaj tè a.

95a D&A 38:12.

^b Apok. 6:14.

^c GE Dezyèm

Vini Jezikri.

96a 1 Tes. 4:16–17.

97a D&A 29:13; 45:45–46;
133:56.

GE Rezirèksyon.

98a 1 Kor. 15:23.

99a D&A 76:73; 138:8.

GE Sali pou mò.

^b 1 Pyè 4:6.

100 Epi ankò, yon lòt twonpèt pral sonnen, sa ki se twazyèm twonpèt la; epi apre sa, se pral ^alespri lèzòm ki dwe jije yo, ki te tonbe anba ^bkondanasyon yo;

101 Epi se rèz ^amò yo sa; epi yo p ap viv ankò jistan ^bmil ane fin pase, ni apre sa, jouk nan finisman tè a.

102 Epi yon lòt twonpèt pral sonnen, ki se katriyèm nan, ki di: Genyen pami sa ki rete yo jouk nan gran dènye jou a, menm jiska lafen an, ki pral toujou rete ^asal.

103 Epi yon lòt twonpèt pral sonnen, ki se senkyèm twonpèt la, ki se senkyèm zanj ki gen ^alevanjil etènèl la—k ap vole nan mitan syèl la, pou tout nasyon, fanmi, lang ak pèp;

104 Epi se pral son twonpèt li a, li pral di tout moun ni nan syèl la ak sou tè a, epi ki anba tè atou—paske ^atout zòrèy pral tandè l, epi tout jenou pral ^bpliye, epi tout lang pral konfese, pandan yo tandè son twonpèt la ki di: Gen ^alakrent pou Bondye, epi bay limenm ki chita sou twòn nan laglwa, pou toujou epi ajamè; paske lè jijman li a vini.

105 Epi ankò, yon lòt zanj pral sonnen twonpèt li, ki se sizyèm

zanj la, pou di: Li ^atonbe, li menm ki fè nasyon yo bwè nan diven kòlè fònikasyon li a; li tonbe, li tonbe!

106 Epi ankò, yon lòt zanj pral sonnen twonpèt li, ki se setyèm zanj la, pou di: Sa fini; sa fini! Ti ^aMouton Bondye a ^branpòte vik-twa epi li ^ctòdye moulen près diven an pou kont li, moulen diven pi move kòlè Bondye Toupi-san an menm.

107 Epi apre sa, zanj la pral kouwone avèk laglwa nan pisans li, epi ^asen yo pral ranpli avèk ^blaglwa li, epi yo pral resevwa ^ceritaj yo epi yo pral vin ^degal avèk li.

108 Epi apre sa, premye zanj la pral sonnen twonpèt li ankò nan zòrèy tout vivan yo, pou l ^arevele aksyon sekre lèzòm, ak travay pisan Bondye yo nan ^bpremye mil ane a.

109 Epi apre sa, dezyèm zanj la pral sonnen twonpèt li, pou l revele aksyon sekre lèzòm, akpanse ak entansyon kè yo, ak travay pisan Bondye yo nan dezyèm mil ane a—

110 Epi eksetera, jistan setyèm zanj la sonnen twonpèt li; epi li pral kanpe sou tè a ak sou lanmè a, epi li pral sèman nan non moun ki chita sou twòn nan, pou fè konnen pa gen ^atan

100a Apok. 20:12–13;
Alma 11:41;
D&A 43:18; 76:85.
b GE Kondanasyon,
kondane.

101a Apok. 20:5.
b GE Milenyòm.

102a GE Sal, salte.

103a Apok. 14:6–7.
GE Retablisman
levanjil la.

104a Apok. 5:13.
b Eza. 45:23;
Filip. 2:9–11.
c GE Krent, krentif—
Krent Bondye;
Reverans.

105a Apok. 14:8;
D&A 1:16.

106a GE Ti mouton Bondye.
b 1 Kor. 15:25.
c Eza. 63:3–4;

Apok. 19:15;
D&A 76:107; 133:50.

107a GE Sen (non).
b GE Glwa selès.
c GE Egzaltasyon.
d D&A 76:95.

108a Alma 37:25;
D&A 1:3.

b D&A 77:6–7.

110a D&A 84:100.

ki rete ankò; epi ^bSatan pral mare, vye sèpan sa a, yo rele dyab la, epi li p ap demare pandan yon peryòd ^cmil ane.

111 Epi apre sa li pral ^ademare pou yon ti tan, pou l kapab rasanble lame l yo ansanm.

112 Epi ^aMichèl, setyèm zanj la, akanj la menm, pral rasanble lame li yo ansanm, tout lame syèl la menm.

113 Epi dyab la pral rasanble lame l yo ansanm; tout lame lanfè a menm, epi li pral monte vin goumen kont Michèl ak lame l yo.

114 Epi lè sa a se ap ^abatay Gran Bondye a; epi dyab la ak lame l yo pral chase ale nan plas pa yo, pou yo pa gen pouvwa sou sen yo ditou ankò.

115 Paske Michèl pral batay pou yo, epi li pral ranpòte vik-twa sou moun k ap ^achèche pran twòn lòt moun ki chita sou twòn nan, sa vle di Ti Mouton an.

116 Se laglwa Bondye ak moun ki ^asanktifye yo; epi yo p ap janm wè ^blanmò ankò.

117 Se poutèt sa, an verite m di nou, ^azanmi m yo, rele asanble solanèl nou yo, jan m te kòmande nou an.

118 Epi kòm tout moun pa gen lafwa, chèche avèk dilijans epi

^aansenye youn lòt pawòl ^bsa-jès; wi, chèche pawòl sajès nan pi bon ^cliv yo; chèche konesans, menm pa etid epi pa lafwa.

119 Òganize tèt nou; prepare tout bagay ki nesèsè; epi etabli yon ^akay, men yon kay priyè, yon kay jèn, yon kay lafwa, yon kay pou aprann, yon kay laglwa, yon kay lòd, yon kay pou Bondye;

120 Pou antre nou yo kapab nan non Senyè a; pou soti nou yo kapab nan non Senyè a; pou tout salitasyon nou yo kapab fèt nan non Senyè a, avèk men nou leve devan Bondye Ki Pi Wo a.

121 Se poutèt sa, ^asispann avèk tout konvèsasyon ensanse nou yo, nan tout ^bgriyen dan, nan tout ^canvi fizik nou yo, nan tout ^dlògèy ak basès nou yo, epi nan tout mechanste nou yo.

122 Lonmen yon enstriktè pami nou, epi pa kite tout moun pale ansanm; men, kite yon sèl moun pale alafwa pandan lòt yo ap koute sa l ap di, pou lè tout moun fin pale, tout moun kapab edifye akòz tout moun, pou chak moun kapab genyen yon privilèj egal.

123 Gade pou youn ^arenmen lòt; sispann gen ^bkonvwatiz;

110 *b* Apok. 20:1-3;
1 Ne. 22:26;
D&A 101:28.
GE Dyab.
c GE Milenyòm.
111 *a* D&A 29:22;
43:30-31.
112 *a* GE Michèl.
114 *a* Apok. 16:14.
115 *a* Eza. 14:12-17;
Moyiz 4:1-4.

116 *a* GE Egzaltasyon;
Sanktifikasyon.
b Apok. 21:4;
Alma 11:45; 12:18;
D&A 63:49.
GE Imòtalite, imòtèl.
117 *a* D&A 109:6.
118 *a* D&A 88:76-80.
GE Ansenye,
enstriktè.
b GE Sajès.

c D&A 55:4; 109:7, 14.
119 *a* D&A 95:3; 97:10-17;
109:2-9; 115:8.
GE Tanp, kay Senyè a.
121 *a* D&A 43:34; 100:7.
b D&A 59:15; 88:69.
c GE Chanèl.
d GE Lògèy.
123 *a* GE Lanmou, renmen.
b GE Konvwatè.

apwann pataje youn bay lòt jan levanjil la mande a.

124 Sispann fè “parès; sispann pa pwòp; sispann ^bjwenn fot youn nan lòt; sispann dòmni plis pase sa ki nesesè; kouche nan kabann nou bonè, pou nou kapab pa fatige; leve bonè, pou kò nou ak panse nou kapab rafrech.

125 Epi plis pase tout lòt bagay, abiye nou avèk kòd “charite yo, tankou avèk yon manto ki se kòd pèfeksyon ak ^blapè.

126 “Priye tout tan, pou nou kapab pa fayi, jistan m ^bvini. Gade, epi sètènman, M ap vini rapid rapid, epi m ap resevwa nou pou tèt pa m. Amèn.

127 Epi ankò, lòd kay ki te prepare pou prezidans “lekòl pwofèt yo, ki te tabli pou enstriksyon yo nan tout bagay ki nesesè pou yo a, sa vle di pou tout ^bofisye ki nan legliz la, oubyen ki vle di, pou moun ki te resevwa apèl pou ministè nan legliz la, kòmanse avèk gran prèt yo, desann ale nan dyak yo—

128 Epi se pral lòd ki nan lekòl prezidans la: Yon moun ki lonmen kòm prezidan, oubyen enstriktè, dwe kanpe nan plas li, nan kay ki prepare pou li a.

129 Se poutèt sa, se li k ap premye nan kay Bondye a, nan yon plas kote asanble ki nan kay la kapab tande pawòl li yo avèk swen epi avèk presizyon, pa avèk yon vwa ki fò.

130 Epi lè l vini nan kay Bondye a, paske l ta dwe premye nan kay la—gade, se yon bèl bagay pou l ta yon egzanp—

131 Se pou l “ofri tèt li nan priyè sou jenou l devan Bondye, kòm senbòl oubyen rapèl alyans etènèl la.

132 Epi lè nenpòt moun vini kote l, se pou enstriktè a leve, epi avèk men l leve nan direksyon syèl la, wi menm dirèkteman, pou l salye frè li oubyen frè l yo avèk mo sa yo:

133 Èske ou se yon frè oubyen se frè nou w ye? M salye ou nan non Senyè a Jezikri, kòm senbòl oubyen rapèl alyans etènèl la, nan alyans sa a m resevwa ou avèk “fratènite, nan yon detèminasyon fiks, enfleksib, epi enchanjab, kòm ^bfrè ou pa mwayen lagras Bondye nan kòd lanmou, pou mache nan tout kòmandman Bondye san blam, avèk remèsiman, pou toujou epi ajamè. Amèn.

134 Epi yon moun ki pa gen diyete pou salitasyon sa a li p ap gen plas pami nou; paske nou pa dwe aksepte pou l “souye kay mwen an.

135 Epi yon moun ki vini epi ki fidèl devan mwen, epi ki se yon frè, oubyen ki se plizyè frè, yo dwe salye prezidan an oubyen enstriktè a avèk men yo leve nan direksyon syèl la, avèk menm priyè ak alyans sa a, oubyen pou yo di Amèn, kòm alyans pou menm bagay la.

124a GE Endolan, Endolans.
b D&A 64:7-10.
GE Move pawòl.
125a GE Charite.
b GE Lapè.

126a GE Priyè.
b D&A 1:12.
127a GE Lekòl Pwofèt yo.
b GE Ofis, ofisye.
131a GE Adorasyon.

133a GE Kominyon Fratèl.
b GE Frè, frè yo;
Sè.
134a D&A 97:15-17;
110:7-8.

136 Gade, an verite, m di nou, se yon egzanzp pou nou kòm salitasyon pou youn avèk lòt nan kay Bondye a, nan lekòl pwofèt yo.

137 Epi nou aple pou nou fè sa avèk priyè ak remèsiman, jan Lespri a enspire nou nan tout sa n ap fè nan kay Senyè a, nan lekòl pwofèt yo, pou l kapab vin tounen yon kote ki sen, yon tabènak Sentespri a pou “edifikasyon nou;

138 Epi nou pa dwe resevwa okenn moun nan lekòl sa a si l pa lave anba “san jenerasyon sa a;

139 Epi nou dwe resevwa l avèk òdonans “lavman pye yo, paske se poutèt rezon sa a òdonans lavman pye yo te tabli.

140 Epi ankò, se prezidan an, oubyen ansyen k ap prezide legliz la ki dwe administre òdonans lavman pye yo.

141 Li dwe kòmanse avèk priyè; epi apre yo fin “manje pen ak bwè diven an, li dwe mare senti l daprè ^bmodèl ki nan trèzyèm chapit temwaj Jan an konsènan mwen an. Amèn.

SEKSYON 89

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland, Ohio, 27 Fevriye 1833. Kòm konsekans pou frè yo ki t ap itilize tabak nan reyinyon yo, pwofèt la te rete ap medite sou sityasyon an; apre, li te mande Senyè a sou sa. Revelasyon sa a nou konnen kòm Pawòl Sajès la, te vini kòm rezilta.

1–9, *Itilizasyon diven, bwason fò, tabak, ak bwason cho, aboli; 10–17, Fèy, fwi, vyann, ak grenn se bagay ki fèt pou sèvi lòm ak animal yo; 18–21, Obeyisans nan lalwa levanjil la, ansanm avèk Pawòl Sajès la, pote benediksyon tanporèl ak espi- rityèl.*

YON “PAWÒL SAJÈS, pou benefis konsèy gran prèt yo, ki rasanble nan Kirtland, ak nan legliz la, epi tou sen yo ki nan Siyon yo—

2 Pou voye salitasyon; non pa kòm kòmandman oubyen kontrent, men, kòm revelasyon ak pawòl sajès, pou montre lòd ak “volonte Bondye nan sali tanporèl tout sen yo nan dènye jou yo—

3 Li te bay kòm yon prensip avèk yon “pwomès, ki adapte avèk kapasite fèb yo ak sa ki pi fèb yo pami ^bsen yo, ki oubyen ki kapab pote non sen.

4 Gade, an verite, Senyè a di nou: kòm konsekans “me-

137a D&A 50:21–24.

138a D&A 88:74–75, 84–85.

139a GE Lave, Lavman.

141a GE Sentsèn.

b Jan 13:4–17.

89 1a GE Pawòl Sajès.

2a D&A 29:34.

GE Kòmandman Bondye yo.

3a D&A 89:18–21.

b GE Sen (non).

4a GE Twonpe, twonpri.

chanste ak plan ki egziste epi ki pral egziste nan kè moun k ap ^bkonspire nan dènye jou yo, m ba nou ‘pawòl sajès sa a pa mwayen revelasyon, pou m kapab avèti nou epi m avèti ou alavans—

5 Toutotan moun bwè “diven oubyen bwason fò pami nou, gade sa pa bon, ni tou sa pa konvenab devan Papa nou, sèlman pou nou rasanble ansanm pou nou ofri sakreman nou devan l.

6 Epi, gade, se ta dwe diven, wi, diven “pi ki soti nan pye rezen an, nou fè pou tèt pa nou.

7 Epi ankò, bwason “fò pa pou vant moun, men, se pou lave kò moun.

8 Epi ankò, tabak pa pou “kò moun, ni pou vant moun, men, se yon fèy pou blese ak tout bèt ki malad, ki dwe itilize avèk jijman epi avèk konesans.

9 Epi ankò, bwason cho yo pa bon pou kò moun oubyen vant moun.

10 Epi ankò, an verite, m di nou, se Bondye ki te prepare an verite “fèy pou konstitisyon, nati, ak itilite lòm—

11 Chak fèy nan sezon pa li epi chak fwi nan sezon pa li; tout sa dwe itilize avèk pridans epi avèk “remèsiman.

12 Wi, mwen menm Senyè a, m prepare “vyann ^bbèt ak zwazo ki

anlè a, pou itilite lòm avèk remèsiman; sependan yo dwe itilize avèk ‘lasajès;

13 Epi sa fè m plezi pou moun pa itilize yo, eksepte pandan livè, lè l fè frèt oubyen famin.

14 Tout “grenn konsakre pou itilite lòm ak bèt, kòm soutyen pou lavi, non sèlman pou lòm, men pou bèt yo ki nan jaden yo, ak zwazo yo ki anlè a, ak tout sovaj k ap kouri epi k ap rale sou vant yo atè a.

15 Epi Bondye te kreye bagay sa yo pou itilite lòm sèlman nan tan famin ak anpil grangou.

16 Tout grenn bon pou nouri lòm; menm jan avèk fwi pye rezen; ki bay fwi, menm si se anba tè a oubyen sou tè a—

17 Sepandan, ble pou lòm, mayi pou bèf, avwàn pou cheval, pay ble pou volay ak kochon, ak tout bèt ki nan jaden yo, lòj pou tout animal ki itil, ak bwason ki dou, ak lòt grenn.

18 Epi tout sen ki sonje pou kenbe epi pou obsève pawòl sa yo, ki mache nan obeyisans nan kòmandman yo, ap resevwa “sante nan lonbrit yo ak mwèl nan zo yo;

19 Epi y ap jwenn “lasajès ak gwo trezò ^bkonesans, trezò ki kache menm;

20 Y ap “kouri epi yo p ap fatige, y ap mache epi yo p ap fayi.

4b GE Konbinezon sekrè.

c GE Avèti, avètisman.

5a Lev. 10:9–11;

Eza. 5:11–12;

1 Kor. 6:10.

6a D&A 27:1–4.

7a Pwov. 20:1; 23:29–35.

8a 1 Kor. 3:16–17.

GE Kò.

10a svd plant yo.

Jen. 1:29;

D&A 59:17–20.

11a GE Rekonesan, remèsiman.

12a Jen. 9:3; Lev. 11:1–8.

b 1 Tim. 4:3–4;

D&A 49:18–21.

c D&A 59:20.

14a Dan. 1:6–20.

18a Pwov. 3:8.

19a GE Sajès.

b GE Konesans;

Temwayaj.

20a Eza. 40:31.

21 Epi mwen menm Senyè a, m bay yon ^apwomès ki fè konnen, zanj destriktè a pral ^bpase bò kote yo, menm jan avèk pitit Izrayèl yo epi l p ap touye yo. Amèn.

SEKSYON 90

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Kirtland, Ohio, 8 Mas 1833. Revelasyon sa a se yon kontinyasyon etap nan etablisman Premye Prezidans lan (gade nan antèt seksyon 81 an); kòm konsekans, konseye ki mansyone yo te òdone nan jou ki te 18 Mas 1833 a.

1–5, Kle wayòm yo konfyè nan men Joseph Smith epi pa lantremiz limenm, nan men Legliz la; 6–7, Sidney Rigdon ak Frederick G. Williams dwe sèvi nan Premye Prezidans lan; 8–11, Levanjil la dwe preche pou nasyon Izrayèl yo, pou Janti yo, ak Juif yo, pou chak moun tande l nan lang pa li; 12–18, Joseph Smith ak konseye l yo dwe tabli Legliz la avèk lòd; 19–37, Senyè a konseye plizyè endividi pou yo mache dwat epi pou yo sèvi nan wayòm Li a.

MEN sa Senyè a di, an verite, an verite m di nou, pitit gason m nan, peche nou yo ^apadone, daprè demand nou, paske priyè nou yo ak priyè frè nou yo monte nan zòrèy mwen.

2 Se poutèt sa, nou beni depi kounyeya, ou menm m te bay ^akle wayòm nan; ^bwayòm sa a k ap vini pou dènye fwa a.

3 An verite, m di ou, m p ap janm pran kle wayòm yo nan

men ou, pandan ou nan mond lan, ni nan mond k ap vini an;

4 Sepandan, palantremiz oumenm, m ap bay yon lòt moun ^amesaj yo, wi, legliz la menm.

5 Epi tout moun ki gen otorite Bondye a, se pou yo fè ^aatansyon kòman y ap kenbe l pou yo pa konsidere l kòm yon bagay ki lejè, epi pou yo pa tonbe anba kondanasyon pou sa, epi pou yo pa kilbite epi tonbe lè move tan an desann, epi van yo soufle, epi ^blapli a tonbe, epi l frape kay yo.

6 Epi ankò, an verite m di frè ou yo, Sidney Rigdon ak Frederick G. Williams, peche yo padone tou, epi m konsidere yo egal avèk ou nan kenbe kle dènye wayòm sa a;

7 Menm jan tou pa mwayen administrasyon ou, kle ^alekòl pwofèt yo, m te kòmande pou òganize a;

8 Pou yo kapab pèfeksyone nan ministè yo pou sali Siyon, ak

21a D&A 84:80.
b Egz. 12:23, 29.

90 1a GE Padon.

2a D&A 65:2.

GE Kle prèttriz la.

b GE Wayòm
Bondye oubyen
wayòm syèl la.

4a Tra. 7:38; Wom. 3:2;

Ebre 5:12;

D&A 124:39, 126.

GE Pwofesi, pwofetize.

5a D&A 1:14.

b Mat. 7:26–27.

7a GE Lekòl Pwofèt yo.

nasyon Izrayèl yo, ak Janti yo, tout moun ki kwè;

9 Pou, pa mwayen administrasyon ou, yo kapab resevwa pawòl la, epi pa mwayen administrasyon pa yo pou pawòl la kapab ale nan tout kwen tè a, pou ale jwenn ^aJanti yo ^bpremyeman, epi apre sa, gade pou yo retounen kote Juif yo.

10 Epi apre sa, jou a pral vini pou ponyèt Senyè a ^arevele avèk pouvwa pou konvenk nasyon yo, nasyon ate yo, kay ^bJoseph la, konsènan levanjil sali yo a.

11 Paske se pral konsa, nan jou sa a, chak moun pral ^atande plenitud levanjil la nan lang pa li, epi nan langaj pa li, pa mwayen moun ki ^bòdone nan ^cpouvwa sa a, avèk administrasyon ^dKonsolatè a, ki te devèse sou yo pou revelasyon Jezikri a.

12 Epi kounyeya, an verite, m ba ou yon kòmandman pou ou kontinye nan ^aministè a ak prezidans la.

13 Epi lè ou fini tradiksyon pwofèt yo, apati lè sa a, ou dwe ^aprezide sou zafè legliz la ak ^blekòl la;

14 Epi tanzantan, jan Konsolatè a pral manifeste, resevwa ^arevelasyon pou devwale ^bmistè yo ki nan wayòm nan;

15 Epi mete legliz yo nan lòd, ^aetidye epi ^bapran, epi familyarize ou avèk an verite liv, avèk ^clangaj, lang, ak pèp.

16 Epi se travay ou ak misyon ou nan tout lavi ou, pou ou prezide nan konsèy, epi pou ou mete tout zafè legliz sa a ak wayòm sa a nan lòd.

17 Pa ^awont, ni tou pa nan konfizyon; men, reprimande tèt ou nan tout tèt di ak ^blògèy, paske sa mete pyèj pou nanm ou.

18 Mete lòd nan kay ou; voye ^aparès ak ^bmalpwòprete lwen ou.

19 Kounyeya, an verite m di ou, se pou yon plas tabli, sito posib, pou fanmi konseye w la ak sekretè w la, Frederick G. Williams menm.

20 Epi kite sèvitè m nan ki aje a, ^aJoseph Smith, papa a, kontinye avèk fanmi li nan plas l ap viv la; epi se pou l pa vann li jistan bouch Senyè a pale.

21 Epi kite konseye m nan, ^aSidney Rigdon, rete kote li rezide kounyeya jistan bouch Senyè a pale.

22 Epi se pou evèk la chèche avèk dilijans pou l jwenn yon ajan, epi ^aajan an dwe yon moun ki gen ^brichès nan magazen—yon moun Bondye, ki gen anpil lafwa—

9a 1 Ne. 13:42;
D&A 107:33; 133:8.

b Mat. 19:30;
Ètè 13:10–12.

10a D&A 43:23–27;
88:84, 87–92.

b Jen. 49:22–26;
1 Ne. 15:13–14.

11a GE Travay misyonè.
b GE Aple, Bondye te aple, apèl;
Òdinasyon, òdone.

c GE Prètriz.

d GE Konsolatè.

12a GE Administrè.

13a D&A 107:91–92.

b GE Lekòl Pwofèt yo.

14a GE Revelasyon.

b GE Mistè Bondye yo.

15a D&A 88:76–80, 118;
93:53.

b D&A 107:99–100;

130:18–19.

c GE Langaj.

17a Wom. 1:16;

2 Ne. 6:13.

b D&A 88:121.

GE Lògèy.

18a D&A 58:26–29.

GE Endolan, Endolans.

b D&A 88:121.

20a GE Smith, Joseph,
papa a.

21a GE Rigdon, Sidney.

22a D&A 84:112–113.

b Jakòb 2:17–19.

23 Pou l kapab dechaje l avèk tout dèt; pou magazen Senyè a kapab pa tonbe nan move repitasyon devan je pèp la.

24 Chèche avèk ^adilijans, ^bpriye tout tan, epi kwè, epi ^ctout bagay ap travay ansanm pou byen nou, si nou mache dwat epi si nou sonje ^dalyans nou te fè youn avèk lòt la.

25 Se pou ^afanmi ou piti, espesyalman sèvitè m nan ki aje a, Joseph Smith, papa a, konsènan moun ki pa manm fanmi ou yo.

26 Pou yo pa wete nan men ou bagay ou te resevwa pou reyalize travay mwen an, pou bay moun ki pa diy—

27 Epi pou ou pa gen anpechman pou akonpli bagay m te kòmande yo.

28 Epi ankò, an verite m di ou, se volonte m pou sèvant mwen an, Vienna Jacques ta resevwa lajan pou sipòte depans li yo, epi pou l monte nan peyi Siyon an;

29 Epi rès lajan an kapab konsakre pou mwen, epi Vienna ap rekonpanse nan pwòp tan pa m.

30 An verite m di ou, li agreyab devan je mwen pou l monte nan

peyi Siyon an, epi pou l resevwa yon eritaj nan men evèk la;

31 Pou l kapab tabli nan lapè toutotan li fidèl, epi pou li pa pàrese nan lavi li depi kounyeya.

32 Epi gade, an verite m di ou, ou dwe ekri kòmandman sa a, epi di frè ou yo ki nan Siyon, avèk salitasyon janti, m te aple tou pou ou ^aprezide sou Siyon nan pwòp tan pa mwen.

33 Se poutèt sa, se pou yo sispann nwi m konsènan sijè sa a.

34 Gade, m di ou, frè ou yo ki nan Siyon yo kòmanse repanti, epi zanj yo rejwi poutèt yo.

35 Sepandan, m pa kontan avèk anpil bagay; epi m pa kontan avèk sèvitè m nan ^aWilliam E. McLellin, ni avèk sèvitè m nan Sidney Gilbert; ak evèk la tou, epi lòt moun tou gen anpil bagay pou yo repanti.

36 Men an verite m di ou, mwen menm Senyè a, m ap lite kont ^aSiyon, epi m ap plede avèk moun fò li yo, epi m ap ^bchatye l jistan l ranpòte viktwa epi l vin ^cpwòp devan mwen.

37 Paske yo p ap deplase l nan plas li a. Mwen menm Senyè a, m di sa. Amèn.

SEKSYON 91

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Kirtland, Ohio, 9 Mas 1833. Nan epòk sa a, Pwofèt la te angaje nan tradiksyon Ansyen Testaman an. Li te rive nan ansyen ekriti ki rele Apokrif la, li te mande Senyè a epi l te resevwa enstriksyon sa a.

24^a GE Dilijans.

^b GE Priyè.

^c Esd. 8:22;

Wom. 8:28;

D&A 100:15; 122:7-8.

^d GE Alyans.

25^a SVD Moun pòv

Joseph Smith, papa

a te pran swen yo.

32^a D&A 107:91-92.

35^a D&A 66:1; 75:6-9.

36^a GE Siyon.

^b GE Chatye, chatiman.

^c GE Pi, pite.

1–3, *Apokrif la prèske toutafè byen tradui, men li gen anpil esplikasyon ki soti nan men lèzòm ki pa verite*; 4–6, *Li profitab pou moun Lespri a klere.*

AN verite, Senyè a di ou konsènan “Apokrif la—gen anpil bagay ladan l ki se verite, epi anpil ladan l byen tradui;

2 Gen anpil bagay ladan l ki pa verite, ki se entèpretasyon lèzòm fè.

3 An verite, m di ou, se pa nesèsè pou Apokrif la tradui.

4 Se poutèt sa, nenpòt moun ki li l, li dwe “konprann, paske Lespri a manifeste verite;

5 Epi nenpòt moun “Lespri a klere ap jwenn benefis ladan l;

6 Epi yon moun ki pa resevwa nan men Lespri a pa kapab benefisyè. Se poutèt sa, se pa nesèsè pou l tradui. Amèn.

SEKSYON 92

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Kirtland, Ohio, 15 Mas 1833. Revelasyon an enstwi Frederick G. Williams, ki te lonmen dènyèmman kòm konseye Joseph Smith, sou devwa li nan Antrepriz Ini an (gade antèt seksyon 78 ak 82).

1–2, *Senyè a bay yon kòmandman ki gen relasyon avèk admisyon lòd ini an.*

AN verite, Senyè a di, m bay “lòd ini an, òganize an akò avèk kòmandman m te deja bay yo, yon revelasyon ak kòmandman konsènan sèvitè m nan, Frederick G. Williams, pou ou

resevwa l nan lòd la. Sa m di yon moun, m di tout moun li.

2 Epi ankò, m di ou, sèvitè m nan Frederick G. Williams, ou pral yon manm vivan nan lòd sa a; epi toutotan ou fidèl nan respekte tout ansyen kòmandman yo, w ap beni pou tout tan. Amèn.

SEKSYON 93

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland, Ohio, 6 Me 1833.

1–5, *Tout moun ki fidèl pral wè Senyè a*; 6–18, *Jan te rann temwajaj pou fè konnen Pitit Gason*

Bondye a te mache lagras sou lagras jistan Li te resevwa laglwa Papa a toutantye; 19–20, *Moun*

91 1a GE Apokrif.
4a GE Konpreyansyon.

5a GE Enspirasyon,
enspire; Sentespri.

92 1a D&A 82:11, 15–21.
GE Lòd ini.

fidèl ki mache lagras sou lagras, pral resewva L tou toutantye; 21–22, Moun ki fèt pa lantremiz Kris la yo se Legliz Premyene a; 23–28, Kris la te resewva yon totalite verite toutantye, epi lòm kapab fè menm jan an tou avèk obeyisans; 29–32, Lòm te nan kòmansman an avèk Bondye; 33–35, Eleman yo etènèl, epi lòm kapab resewva yon totalite lajwa toutantye nan Rezi-rèksyon an; 36–37, Laglwa Bondye se entèlijans; 38–40, Timoun yo inosan devan Bondye poutèt redanmsyon Kris la; 41–53, Frè k ap dirije yo resewva kòmandman pou yo tabli fanmi yo nan lòd.

AN verite, Senyè a di: se pral konsa tout nanm ki “abandone peche yo epi ki vin jwenn mwen, epi ki ^brele non mwen, epi ki ^cobeyi vwa mwen, epi ki respekte kòmandman m yo, ap ^dwè ^efas mwen epi l ap konnen m egziste;

2 Epi m se vrè ^alimyè a ki klere chak moun ki vini nan mond lan;

3 Epi m ^anan Papa a, epi Papa a nan mwen, epi Papa a ak mwen nou se youn—

4 Papa a ^apaske li te ^bban mwen li toutantye, epi Pitit Gason an

paske m te nan mond lan epi m te fè tabènak mwen avèk ^cchè, epi m te rete pami pitit lèzòm.

5 M te nan mond lan epi m te resewva nan men Papa m, epi ^atravay li te manifeste anpil.

6 Epi ^aJan te wè epi l rann temwayaj konsènan ^blaglwa toutantye mwen an, epi totalite rejis ^cJan an pral revele toutantye apre.

7 Epi l te rann temwayaj, li di: M te wè laglwa l, li te nan ^akòmansman an, anvan mond la te egziste;

8 Se poutèt sa, ^aPawòl la te la nan kòmansman, paske li te Pawòl la, mesaje sali a menm—

9 ^aLimyè ak ^bRedanmtè mond lan; Lespri verite a, ki te vini nan mond lan, paske se li ki te fè mond lan, epi lavi lèzòm ak limyè lèzòm te nan li.

10 Se li ki te ^akreye mond yo; se li ki te kreye lèzòm; se li ki te kreye tout bagay, epi pa lantremiz li, epi avèk li.

11 Epi mwen menm Jan, m rann temwayaj pou fè konnen m te wè laglwa li, kòm laglwa Sèl Pitit Literal Papa a, ki plen lagras ak verite, Espri verite a memm ki te vini epi ki rete nan lachè, epi ki te rete pami nou.

12 Epi mwen menm Jan, m te

93 1a GE Diy, diyite;
Repantans, repanti.
b Jowèl 2:32.
c GE Obeyi, obeyisan,
obeyisans.
d Egz. 33:11;
D&A 38:7–8;
67:10–12; 88:68;
101:23; 130:3.
GE Konsolatè.
e TJS 1 Jn. 4:12
(Apendis).
2a Jan 1:4–9;

D&A 14:9; 84:45–47;
88:6–7.
GE Limyè, limyè Kris.
3a Jan 10:25–38;
17:20–23;
D&A 50:43–45.
4a Mozya 15:1–7.
b GE Jezikri—Otorite.
c Lik 1:26–35; 2:4–14;
3 Ne. 1:12–14;
Etè 3:14–16.
5a Jan 5:36; 10:25;
14:10–12.

6a Jan 1:34.
b GE Jezikri—
Glwa Jezikri.
c Jan 20:30–31.
7a Jan 1:1–3, 14; 17:5;
D&A 76:39.
8a GE Jewova;
Jezikri.
9a GE Limyè, limyè Kris.
b GE Redanmtè.
10a Ebre 1:1–3;
D&A 76:24;
Moyiz 1:31–33.

wè li pa t resevwa ^atoutnèt nan kòmansman, men, li te resevwa ^blagras sou lagras;

13 Epi li pat resevwa toutnèt nan kòmansman, men, li te kontinye pran ^alagras sou lagras, jistan l te resevwa toutnèt;

14 Epi konsa li te rele ^aPitit Gason Bondye a, paske li pa t resevwa toutnèt nan kòmansman.

15 Epi mwen menm ^aJan, m rann temwayaj, syèl la te louvri, epi ^bSentespri a te desann sou li sou fòm yon ^cpijon, epi l te re-poze sou li, epi yon vwa te soti nan syèl la ki di: Se ^aPitit Gason byenneme m nan.

16 Epi mwen menm Jan, m rann temwayaj li te resevwa laglwa Papa a toutantye;

17 Epi l te resevwa ^atout ^bpouvwva, ni nan syèl la ak sou tè a, epi laglwa ^cPapa a te avèk li, paske l te rete avèk li.

18 Epi se pral konsa, si ou fidèl, w ap resevwa totalite rejis Jan an toutantye.

19 M ba ou pawòl sa yo pou ou kapab konprann epi pou ou kapab konnen kòmman pou ou ^aadore, epi pou ou konnen kisa

w ap adore, pou ou kapab vin jwenn Papa a nan non mwen, epi lè tan an rive, pou nou resevwa tout bagay.

20 Paske si ou respekte ^akòmmandman m yo, w ap resevwa ^btotalite l, epi w ap ^cglorifye nan mwen jan m glorifye nan Papa a; se poutèt sa, m di ou, ou pral resevwa ^alagras apre lagras.

21 Epi kounyeya, an verite m di ou, m te nan ^akòmansman avèk Papa a, epi m se ^bPremyene a;

22 Epi tout moun ki fèt pa mwayen mwen pral ^apataje nan sa ki vle di ^blaglwa a, epi yo se legliz Premyene a.

23 Ou te nan kòmansman an tou ^aavèk Papa a; ki se Lespri, sa vle di Lespri verite a;

24 Epi ^averite se ^bkonesans bagay jan yo ye, epi jan yo te ye, ak jan yo pral vin ye;

25 Epi nenpòt bagay ki mwens oubyen ki ^aplis pase sa se lespri mechan sa a ki te yon ^bmantè depi nan kòmansman.

26 Lespri ^averite a se pou Bondye. M se Lespri verite a, epi Jan te rann temwayaj konsènan mwen, ki di: Li te resevwa

12a Filip. 2:6–11.

b Jan 1:16–17.

13a Lik 2:52.

14a Lik 1:31–35;

D&A 6:21.

GE Bondye,

Divinite—Bondye,

Pitit Gason an.

15a Jan 1:29–34.

b GE Sentespri.

c GE Kolonb, Siy.

d Mat. 3:16–17.

17a Mat. 28:18;

Jan 17:2;

1 Pyè 3:22.

b GE Jezikri—Otorite;

Pouvwva.

c GE Bondye, Divinite—
Bondye Papa a.

19a Jan 4:21–26; 17:3;

Tra. 17:22–25.

GE Adorasyon.

20a D&A 50:28.

b Jan 1:16;

D&A 84:36–39.

c Jan 17:4–5, 22.

GE Lèzòm, lòm—

Lòm, gen potansyalite

pou vin tankou

Papa Bondye.

d GE Gras.

21a Jan 1:1–2;

1 Pyè 1:19–20;

Moyiz 4:2.

b GE Premye ne,
premyene.

22a 1 Pyè 5:1;

D&A 133:57.

b GE Glwa selès.

23a GE Lèzòm, lòm—Lòm,

yon pitit espiritiyèl

Papa Bondye.

24a GE Verite.

b GE Konesans.

25a D&A 20:35.

b Jan 8:44;

2 Ne. 2:18;

Moyiz 4:4.

26a Jan 14:6.

verite a toutantye, wi, menm tout verite;

27 Epi pèsonn pa resevwa "toutnèt san li pa respekte kòmandman l yo.

28 Yon moun ki "respekte kòmandman l yo li resevwa verite ak ^blimyè, jistan l glorifye nan verite epi l ^ckonnen tout bagay.

29 Lòm te nan ^akòmansman tou avèk Bondye. ^bEntèlijans oubyen limyè verite a, pa t kreye oubyen fèt, ni tou sa pa t gade kapab fèt.

30 Tout verite endepandan nan antouray kote Bondye te plase l la, pou l ^aaji pou tèt pa l, tankou tout entèlijans kapab fè; san sa pa gen egzistans.

31 Gade, men ^alib abit lòm, epi men kondanasyon lòm; paske sa ki te nan kòmansman manifeste byen ^bklè devan yo, epi yo pa resevwa limyè a.

32 Epi tout moun lespri l pa resevwa ^alimyè a, li sou kondanasyon.

33 Paske lòm se ^alespri. ^bEleman yo etènèl, epi lespri ak

eleman ki konekte san separasyon, resevwa yon lajwa toutantye;

34 Epi lè yo ^asepare, lòm pa kapab resevwa yon ^blajwa toutantye.

35 ^aEleman yo se tabènak Bondye; wi, lòm se tabènak Bondye, yo se tanp menm; epi nenpòt ^btanp ki sal, Bondye ap detwi tanp sa a.

36 ^aLaglw Bondye se ^bentèlijans, oubyen otreman di, ^climyè ak verite.

37 Limyè ak verite abandone ^amalen an.

38 Chak lespri lòm te ^ainosan nan kòmansman; epi paske Bondye te ^brachte lòm anba ^cchit Adan an, lòm te vin tounen nan eta anfans yo ankò, ^ainosan devan Bondye.

39 Epi mechan sa a te vin ^apran limyè ak verite a, pa mwayen dezobeyisans, nan men pitit lèzòm, epi akòz ^btradisyon papa yo.

40 Men m kòmande w pou ou ^aleve pitit ou yo nan limyè ak verite.

27a GE Pafè.

28a GE Obeyi, obeyisan, obeyisans.

b D&A 50:24; 84:45.

GE Limyè, limyè Kris.

c Jan 17:3;

D&A 88:49, 67.

29a Abr. 3:18.

GE Lavi premòtèl; Lèzòm, lòm.

b GE Entèlijans, entèlijans yo.

30a 2 Ne. 2:13-27.

31a GE Lib abit.

b Det. 30:11-14; D&A 84:23-24.

32a GE Limyè, limyè Kris; Verite.

33a D&A 77:2; Abr. 5:7-8.

GE Lèzòm, lòm—Lòm, yon pitit espirityèl Papa Bondye.

b D&A 131:7-8; 138:17.

GE Rezirèksyon.

34a 2 Ne. 9:8-10.

b GE Jwa.

35a D&A 130:22.

b 1 Kor. 3:16-17.

36a GE Glwa;

Jezikri—Glwa Jezikri.

b D&A 130:18-19;

Abr. 3:19.

GE Entèlijans,

entèlijans yo.

c D&A 88:6-13.

37a Moyiz 1:12-16.

GE Dyab.

38a GE Inosan, Inosans.

b Mozya 27:24-26;

Moyiz 5:9;

AL 1:3.

GE Redanmtè,

restablisman,

redanmsyon.

c GE Chit Adan ak Èv.

d Mowo. 8:8, 12, 22;

D&A 29:46-47.

GE Sali—Sali timoun.

39a Mat. 13:18-19;

2 Kor. 4:3-4;

Alma 12:9-11.

b Ezek. 20:18-19;

Alma 3:8.

GE Tradisyon.

40a GE Fanmi—

Responsablite

paran yo.

41 Men an verite m di w, sèvitè m nan Frederick G. Williams, ou kontinye sou kondanasyon sa a;

42 Ou pa "anseye pitit ou yo limyè ak verite, daprè kòmandman an; epi mechan sa gen pouvwa, toujou, sou ou, epi se kòz afliksyon ou la.

43 Epi kounyeya m ba ou yon kòmandman—si w delivre, ou dwe mete pwòp kay pa w nan "lòd, paske gen anpil bagay ki pa nan lòd lakay pa w.

44 An verite, m di sèvitè m nan Sidney Rigdon, nan kèk bagay li pa respekte kòmandman yo konsènan pitit li yo; se poutèt sa, mete kay ou nan lòd premyèman.

45 An verite, m di sèvitè m nan Joseph Smith, pitit la, oubyen otreman di, m ap rele ou "zanmi, paske ou se zanmi m, epi ou pral gen yon eritaj avèk mwen—

46 M te rele ou "sèvitè pou byen mond lan, epi ou se sèvitè yo pou byen mwen—

47 Epi kounyeya, an verite m di ou Joseph Smith, pitit la—ou pa respekte kòmandman yo, epi ou merite "repwòch devan Senyè a;

48 "Fanmi ou dwe repanti epi yo dwe abandone kèk bagay, epi yo dwe bay pawòl ou yo plis atansyon onèt, oubyen pou wete yo nan plas yo ye a.

49 Sa m di yon moun, m di tout moun ni; "priye tout tan pou mechan an pa gen pouvwa sou ou, epi pou l pa wete ou nan plas ou a.

50 Sèvitè m nan Newel K. Whitney tou, yon evèk nan legliz mwen an, merite pou m chatye l, epi mete fanmi l nan lòd, pou fè yo vin pi dilijan ak pi sousye lakay yo, pou yo priye tout tan, san sa m ap wete yo nan "plas yo a.

51 Kounyeya, m di nou, zanmi m yo, se pou sèvitè m nan Sidney Rigdon ale nan vwayaj li a, pou l prese, epi pou l pwoklame "akseptab Senyè a, ak levanjil sali a, jan m pral ba li enspirasyon; epi avèk priyè ou ki fèt ak lafwa, avèk yon sèl konsantman, m ap leve l.

52 Epi se pou sèvitè m nan Joseph Smith, pitit la, ak Frederick G. Williams prese tou, epi y ap resevwa daprè priyè yo fè avèk lafwa; epi toutotan nou kenbe pawòl mwen yo nou p ap nan konfizyon nan mond sa a, ni nan mond k ap vini an.

53 Epi, an verite m di ou konsa, se volonte m pou ou prese "tradui ekriti m yo, epi pou ou b'jwenn yon 'konesans nan istwa, ak peyi, ak wayòm, ak lalwa Bondye ak lòm, epi tout sa se pou sali Siyon. Amèn.

42a 1 Sam. 3:11-13;
D&A 68:25-31.

43a 1 Tim. 3:4-5.

45a D&A 84:63; 88:62.

46a Lev. 25:55;

1 Ne. 21:3-8.

GE Sèvis.

47a D&A 95:1-2.

GE Chatye, chatiman.

48a GE Fanmi—

Responsablite
yon pitit.

49a 3 Ne. 18:15-21.

50a D&A 64:40.

51a Lik 4:19.

53a GE Tradiksyon

Joseph Smith (rjs).

b D&A 88:76-80, 118.

c GE Konesans.

SEKSYON 94

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland, Ohio, 2 Out 1833. Hyrum Smith, Reynolds Cahoon, ak Jared Carter lonmen kòm komite pou konstriksyon nan Legliz la.

1-9, *Senyè a bay yon kòmandman ki gen relasyon avèk konstriksyon yon kay pou travay Prezidans la; 10-12, Yon kay pou enprime dwe bati; 13-17, Kèk eritaj deziye.*

Epi ankò, an verite m di nou, "zanmi m yo, m ba nou yon kòmandman, pou nou kòmanse travay pou nou fè plan an yo epi pou nou prepare kòmansman ak fondasyon vil ^bpye Siyon an, isit la nan peyi Kirtland nan, pou kòmanse avèk kay mwen an.

2 Epi gade li dwe fèt dapre "modèl m te ba nou an.

3 Epi se pou premye anplasman nan sid la konsakre pou mwen pou konstriksyon yon kay pou Premye Prezidans la, pou travay prezidans la, pou yo jwenn revelasyon; epi pou travay ministè "prezidans la, nan tout bagay ki gen rapò avèk legliz la ak wayòm nan.

4 An verite m di nou, li dwe konstwi senkanssenk pye sou swasann-senk nan lajè ak longè, nan chanm andedan an.

5 Epi pral gen yon chanm anba ak yon chanm anwo, dapre modèl m pral ba nou an pita a.

6 Epi li pral dedye pou Senyè a depi nan fondasyon an, dapre

lòd prètriz la, dapre modèl m pral ba nou pita a.

7 Epi li pral dedye totalman pou Senyè a pou travay prezidans la.

8 Epi nou pa dwe kite okenn bagay ki ^apapwòp vini ladan l; epi ^blaglwa mwen pral ladan l, epi prezans mwen pral ladan l.

9 Men, si nenpòt bagay ki ^apapwòp vini ladan l, laglwa mwen p ap ladan l; epi prezans mwen p ap vini ladan l.

10 Epi ankò, an verite m di nou, dezyèm anplasman nan sid la dwe dedye pou mwen, pou konstriksyon yon kay pou mwen, pou travay ^aenprime ^btradiksyon ekriti m yo, ak tout lòt bagay m pral kòmande nou.

11 Epi li dwe mezire senkanssenk sou swasann-senk pye nan lajè l ak nan longè l, nan chanm andedan an; epi dwe genyen yon chanm anba ak yon chanm anwo.

12 Epi kay sa a dwe dedye totalman pou Senyè a depi nan fondasyon an, pou travay enprime, nan tout bagay m pral kòmande nou, pou l sen, san salte, dapre modèl nan tout bagay jan m pral ba nou an.

13 Epi sou twazyèm anplasman an sèvitè m nan Hyrum Smith pral resevwa eritaj li.

94 1a D&A 93:45.

b GE Pye.

2a D&A 52:14-15.

3a D&A 107:9, 22.

8a Lik 19:45-46;

D&A 109:16-20.

b 1 Wa 8:10-11.

GE Glwa.

9a D&A 97:15-17.

10a D&A 104:58-59.

b GE Tradiksyon

Joseph Smith (TJS).

14 Epi sou premye ak dezyèm anplasman ki nan nò a, sèvitè m yo Reynolds Cahoon ak Jared Carter pral resevwa eritaj yo—

15 Pou yo kapab fè travay m te ba yo a, kòm komite pou yo bati kay mwen yo, dapre

kòmandman mwen menm, Senyè Bondye a, m te ba nou.

16 De kay sa yo pa dwe bati jistan m ba nou yon kòmandman konsènan yo.

17 Epi kounyeya m pa ba nou plis pou kounyeya. Amèn.

SEKSYON 95

Revelasyon Joseph Smith Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland, Ohio, 1e Jen 1833. Revelasyon sa a se kontinyasyon direksyon diven pou bati yon kay adorasyon ak enstriksyon, kay Senyè a (gade seksyon 88:119-136).

1-6, *Sen yo chatye poutèt yo pa bati kay Senyè a; 7-10, Senyè a vle itilize kay Li a pou dote pèp Li a avèk pouvwa ki soti anwo; 11-17, Kay la dwe dedye kòm yon plas pou adorasyon epi pou lekòl Apot yo.*

AN verite, Senyè a di nou menm mwen renmen yo konsa, epi moun mwen renmen m "chatye tou pou peche yo kapab ^bpadone, paske avèk chatiman an m prepare wout pou ^cdelivrans yo nan tout bagay pou yo soti nan ^dtantasyon, epi m renmen nou—

2 Se sa ki fè, m dwe chatye nou epi nou merite gen repwòch devan je m;

3 Paske nou te fè yon peche ki grav anpil kont mwen, paske

nou pa t konsidere gwo kòmandman an nan tout bagay, kòmandman m te ba nou pou nou bati ^akay mwen an;

4 Pou preparasyon m te planifye pou prepare apot mwen yo pou ^anetwaye pye rezen m nan pou dènye fwa, pou m kapab reyalize aksyon ^betranj mwen an, pou m kapab ^cvide Lespri m sou tout lachè—

5 Men gade, an verite m di nou, te gen anpil moun ki te òdone pami nou, moun m te aple, men, m te sèlman ^achwazi kèk.

6 Moun m pa t chwazi yo te fè yon peche ki grav anpil, paske yo mache nan ^atenèb nan mitan lajounen.

7 Epi se pou rezon sa a m ba

95 1a Det. 11:1-8;
Pwov. 13:18;
Ebre 12:5-11;
Ela. 15:3;
D&A 101:4-5; 105:6.
GE Chatye, chatiman.
b GE Padon.
c 1 Kor. 10:13.
d GE Tantasyon, tante.

3a Aje 1:7-11;
D&A 88:119.
GE Tanp, kay Senyè a.
4a Jakòb 5:61-75;
D&A 24:19; 33:3-4.
GE Jaden Senyè a.
b Eza. 28:21;
D&A 101:95.
c Pwov. 1:23;

Jowèl 2:28;
D&A 19:38.
GE Don Lespri yo;
Sentespri.
5a Mat. 20:16;
D&A 105:35-37;
121:34-40.
GE Eleksyon.
6a GE Tenèb, espiritiyèl.

nou yon kòmandman pou nou rele “asanble solanèl nou an, pou ^bjèn nou yo ak lamantasyon nou yo kapab monte nan zòrèy Senyè Tout ‘Lame yo, ki vle di kòm entèpretasyon, ^dkreyatè premye jou a, kòmansman an ak finisman an.

8 Wi, an verite m di nou, m ba nou yon kòmandman pou nou bati yon kay, yon kay m te planifye pou “dote moun m te chwazi yo avèk pouvwa ki soti anwo;

9 Paske se “pwomès Papa a fè nou; se poutèt sa m kòmande nou pou nou rete, menm jan apot mwen yo te ye nan Jerizalèm.

10 Sepandan, Senyè nou di, sèvitè m yo te fè yon peche ki grav anpil; epi “chirepit te leve nan ^blekòl pwofèt yo; ki te grav anpil pou mwen; se poutèt sa m te voye yo pou sibi chatiman.

11 An verite m di nou, se volonte m pou nou bati yon kay. Si nou respekte kòmandman m yo n ap gen pouvwa pou nou bati l.

12 Si nou pa “respekte kòmandman m yo, ^blanmou Papa a p ap

kontinye avèk nou, se poutèt sa nou pral mache nan tenèb.

13 Kounyeya men lasajès, ak panse Senyè a—se pou kay la bati, se pa nan fason mond lan, paske m pa kòmande nou pou nou viv daprè fason mond lan;

14 Se poutèt sa, se pou l bati daprè fason m pral montre twa moun pami nou, moun nou pral lonmen epi òdone nan pouvwa sa a.

15 Epi gwosè l dwe mezire senkanssenk pye nan lajè, se pou l swasann-senk pye nan longè, nan chanm andedan an.

16 Senyè a di nou, epi se pou pati ki pi ba a, nan chanm andedan an dedye pou mwen pou nou ofri sakreman nou, epi pou predikasyon nou, ak jèn nou, ak priyè nou, epi pou nou “ofri dezi ki pi sen nou yo devan m.

17 Epi se pou pati ki pi wo nan chanm andedan an dedye pou mwen kòm lekòl pou apot mwen yo, se sa Pitit Gason “Aman nan; oubyen otremman di, Alfous; oubyen otremman di, Omegis; Jezikri ^bSenyè nou an di. Amèn.

SEKSYON 96

Revelasyon Joseph Smith Pwofèt la te resevwa, ki montre lòd vil oubyen pye Siyon an nan Kirtland, Ohio, 4 Jen 1833, kòm yon egzanp pou Sen ki nan Kirtland yo. Okazyon an sete nan yon konferans gran prèt, epi sijè santral yo t ap anvizaje a se itilizasyon sèten tè, ki te pote non fèm French lan, legliz la te posede pre Kirtland. Kòm konferans

7a D&A 88:70, 74–82,
117–120.

b GE Jèn, jene.

c GE Jewova.

d GE Kreyasyon, kreye.

8a D&A 38:32; 39:15;

43:16; 110:9–10.

GE Dotasyon.

9a Lik 24:49.

10a GE Kontansyon.

b GE Lekòl Pwofèt yo.

12a Jan 15:10.

b 1 Jn. 2:10, 15.

16a D&A 59:9–14.

17a D&A 78:20.

b GE Senyè a.

lan pa t kapab dakò avèk kiyes ki pou pran responsablite jaden yo, tout moun te dakò pou yo mande Senyè a konsènan sijè a.

1, Pye Siyon ki nan Kirtland nan dwe vin ranfòse; 2-5, Evèk la dwe divize eritaj yo pou Sen yo; 6-9, John Johnson dwe vin yon manm nan lòd ini an.

GADE, m di nou, men lasajès, pou nou kapab konnen kòman pou nou aji konsènan sijè sa a, paske se nesèsè pou mwen pou “pye sa m te tabli pou fòs Siyon an vin fòtifye.

2 Se poutèt sa, se pou sèvitè m nan Newel K. Whitney pran responsablite plas ki lonmen pami nou an, kote m te planifye pou m bati kay sen mwen an.

3 Epi ankò, se pou plas sa a divize fè anplasman, dapre lasajès, pou benefis moun k ap chèche eritaj, jan sa te tabli nan konsèy pami nou.

4 Se poutèt sa, pa sispann pran swen bagay sa a, ak pòsyon sa a ki nesèsè pou benefis “lòd mwen an, nan entansyon pou pote pawòl mwen bay pitit lèzòm yo.

5 Paske gade, an verite m di

nou, se sa ki pi enpòtan pou mwen, pou pawòl mwen ale pami pitit lèzòm yo, nan objektif pou soumèt kè pitit lèzòm yo pou byen nou. Se konsa sa ye. Amèn.

6 Epi ankò, an verite m di nou, se lasajès epi sa nesèsè pou mwen, pou sèvitè m nan John Johnson m te aksepté ofrann li a epi m te tandè priyè li yo, epi m te fè pwomès lavi etènèl la toutotan li respekte kòmandman m yo depi kounyeya—

7 Paske li se yon desandan “Joseph epi li patisipe nan benediksyon pwomès ki te fèt pou zansèt li yo—

8 An verite m di nou, se nesèsè pou mwen pou l vin tounen yon manm nan lòd la, pou l kapab ede nan pote pawòl mwen bay pitit lèzòm.

9 Se poutèt sa nou dwe òdone l nan ofis sa a, epi li pral chèche avèk dilijans pou l wete ipotèk ki sou kay ki chwazi pou nou an, pou l kapab rete ladan l. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 97

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland, Ohio, 2 Out 1833. Revelasyon sa a patikilyèman okipe zafè Sen Siyon yo ki nan Konte Jackson, Missouri, kòm repons pou demand Pwofèt la te fè Senyè a pou ba li enfòmasyon. Nan epòk sa a nan Missouri, manm legliz yo te soumèt anba pèsèkasyon grav, epi nan 23 Jiyè 1833, yo te fòse yo siyen yon akò pou yo kite Konte Jackson nan.

1–2, *Anpil nan Sen Siyon yo* (Konte Jackson, Missouri) *beni poutèt fidelite yo*; 3–5, *Parley P. Pratt jwenn konpliman pou travay li nan lekòl Siyon an*; 6–9, *Moun ki obsève alyans yo, Senyè a ak-septe yo*; 10–17, *Yon kay dwe bati nan Siyon, kote moun ki gen kè pi pral wè Bondye*; 18–21, *Siyon se moun ki gen kè pi*; 22–28, *Siyon ap echape anba afliksyon Senyè a si l fidèl.*

AN verite m di nou zanmi m yo, m ap pale nou avèk vwa m, vwa Lespri m menm, pou m kapab montre nou volonte m konsènan frè nou yo ki nan peyi “Siyon an, anpil ladan yo gen imilite an verite epi y ap chèche avèk dilijans pou yo aprann lasajès epi pou yo jwenn verite.

2 An verite, an verite m di nou, moun konsa beni, paske y ap jwenn; paske mwen menm Senyè a, m ap montre moun ki “dou yo mizèrikòd, epi sou tout moun m vle, pou m kapab jistifye lè m mennen yo nan jijman.

3 Gade, m di nou, konsènan “lekòl Siyon yo, mwen menm Senyè a, m kontan pou gen yon lekòl nan Siyon, epi tou m kontan avèk sèvitè m nan, ^bParley P. Pratt, paske li rete nan mwen.

4 Epi toutotan li kontinye rete

nan mwen l ap kontinye prezide sou lekòl la nan peyi Siyon an jistan m ba li lòt kòmandman.

5 Epi m ap beni l avèk yon bann benediksyon, m ap esplike tout ekriti yo ak mistè yo pou edifikasyon lekòl la, ak legliz la nan Siyon.

6 Epi pou rès lekòl la, mwen menm Senyè a m vle montre mizèrikòd; sepandan gen moun m dwe “chatye, epi moun pral vin konnen zèv yo.

7 “Rach la poze sou rasin pyebwa a; epi tout pyebwa ki pa pote bon ^bfwi l ap derasinen, jete nan dife. Paske mwen menm Senyè a m te di sa.

8 An verite m di nou, tout moun pami yo ki konnen “kè yo ^bonèt, epi ki gen kè brize, epi lespri yo kontri, epi ki “vle fè ^asakrifis pou obsève alyans yo—wi, chak sakrifis mwen menm Senyè a m kòmande—m ap “aksepte yo.

9 Paske mwen menm Senyè a, m ap fè yo donnen tankou yon pye fwi ki plante nan yon bon tè, kote yon kouran dlo pi ki bay anpil fwi ki bon.

10 An verite m di nou, se volonte m pou nou bati yon “kay pou mwen nan peyi Siyon an, tankou ^bmodèl m ba nou an.

11 Wi, se pou l bati rapid rapid, avèk ladim pèp mwen an.

12 Gade, se ^aladim ak sakrifis

97 1a GE Siyon.

2a Mat. 5:5;
Mozya 3:19.

3a GE Lekòl Pwofèt yo.
b GE Pratt, Parley
Parker.

6a GE Chatye, chatiman.

7a Mat. 3:10.

b Lik 6:43–45;
Alma 5:36, 52;
3 Ne. 14:15–20.

8a GE Kè brize.

b GE Onèt, onètete.
c D&A 64:34.

d GE Sakrifis.

e D&A 52:15; 132:50.
10a D&A 57:3;
88:119; 124:51.

b D&A 115:14–16.

12a GE Dim, dizyèm.

sa mwen menm Senyè a, m rekòmande nan men yo, pou yon ^bkay kapab bati pou mwen pou sali Siyon—

13 Kòm yon plas ^aremèsiman pou tout sen yo, epi kòm yon plas enstriksyon pou tout moun ki ap pou travay nan ministè a nan tout kalite apèl yo ak ofis yo;

14 Pou yo kapab pèfeksyone nan ^akonpreyansyon ministè yo, nan teyori, nan prensip, ak nan doktrin, nan tout bagay ki gen rapò avèk ^bwayòm Bondye sou tè a, ^ckle wayòm sa m te konfere nou an.

15 Epi toutotan pèp mwen an bati yon kay pou mwen nan non Senyè a, epi yo pa kite okenn bagay ki ^apapwòp vini ladan l, pou l pa sal, ^blaglwa mwen ap repoze sou li;

16 Wi, epi ^aprezans mwen pral ladan l, paske m ap vini ladan l, epi tout moun ki gen kè ^bpi ki vini ladan l ap wè Bondye.

17 Men, si l sal m p ap vini ladan l, epi laglwa mwen p ap ladan l; paske m p ap vini nan tanp ki pa sen.

18 Epi kounyeya, gade, si Siyon fè bagay sa yo l ap ^apwospere, l ap gaye kò l epi l ap vin gloriye anpil, gran anpil, epi terib anpil.

19 Epi ^anasyon yo ki sou tè ap onore l, epi y ap di: Asireman

^bSiyon se vil Bondye nou an, epi asireman Siyon pa kapab tonbe, ni tou moun pa kapab deplase l nan plas li a, paske Bondye la, epi men Senyè a la;

20 Epi li sèman avèk pouvwa pisans li pou l sali l ak a ^afòtrès elve li a.

21 Se poutèt sa, an verite, Senyè a di, se pou Siyon rejwi, paske sa se ^aSiyon—MOUN KI GEN KÈ PI YO; Se poutèt sa, se pou Siyon rejwi, pandan tout mechan yo pral lamante.

22 Paske gade, ^avanjans ap vini rapid rapid sou moun ki san Bondye yo tankou yon tou-biyon; epi kiyès ki pral chape anba l?

23 ^aEpidemi Senyè a pral pase nan nuit ak lajounen, epi konsekans la pral ajite tout moun; wi, li p ap sispann jistan Senyè a vini;

24 Paske endiyasyon Senyè a limen kont abominasyon yo ak zèv mechan yo.

25 Sepandan, Siyon ap ^achape si l obsève pou l fè tout bagay m kòmande l.

26 Men, si l pa obsève nenpòt sa m kòmande l, m ap ^avizite l daprè tout zèv li yo, avèk move afliksyon, avèk ^blapès, ak maladi kontajye, avèk epe, avèk ^cvanjans, avèk dife ^ddevoran.

12^b GE Tanp, kay Senyè a.

13^a GE Rekonesan, remèsiman.

14^a GE Konpreyansyon.

^b GE Wayòm Bondye oubyen wayòm syèl la.

^c GE Kle prètriz la.

15^a D&A 94:9; 109:20–21.

^b Aje 2:7; D&A 84:5.

16^a D&A 110:1–10.

^b Mat. 5:8;

D&A 67:10–13; 88:68.

GE Pi, pite.

18^a D&A 90:24; 100:15.

19^a Eza. 60:14;

Zak. 2:10–12;

D&A 45:66–70; 49:10.

^b GE Nouvo Jerizalèm.

20^a 2 Sam. 22:3.

21^a Moyiz 7:18.

GE Pi, pite; Siyon.

22^a GE Vanjans.

23^a Eza. 28:14–19;

D&A 45:31.

25^a 2 Ne. 6:13–18;

D&A 63:34;

M—JS 1:20.

26^a D&A 84:54–59.

^b Lik 21:10–13.

^c Mal. 4:1–3;

3 Ne. 21:20–21.

^d Jowèl 1:15–20.

27 Sepandan, se pou yo li sa nan zòrèy li yon fwa, pou fè konnen mwen menm Senyè a, m aksepte ofrann li; epi si l pa peche ankò “okenn nan bagay sa yo p ap vini sou li;

28 Epi m ap “beni l avèk benediksyon, epi m ap miltipliye yon bann benediksyon sou li, ak sou jenerasyon li yo pou toujou epi ajamè, se sa Senyè Bondye a nou an di. Amèn.

SEKSYON 98

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland, Ohio 6 Out 1833. Revelasyon sa a te vini kòm konsekans pèsekisyon kont Sen yo nan Missouri. Gwoupman manm Legliz ki t ap ogmante nan Missouri yo te twouble kèk lòt kolon, ki te santi yo menase pa kantite Sen yo, pa enfliyans politik ak ekonomik yo, ak diferans kiltirèl ak relijye yo. An Jiyè 1833, yon popilas te detwi pwopriyete Legliz la, yo te vide goudwon ak plim poul sou de manm Legliz, epi yo te mande Sen yo pou yo te pati kite Konte Jackson. Malgre kèk nouvèl konsènan pwoblèm nan Missouri yo te siman rive kote Pwofèt la nan Kirtland (anviwon 900 kilomèt distans), se sèlman pa revelasyon li te ka konnen karaktè serye sityasyon ki te genyen an lè sa a.

1–3, Afliksyon Sen yo pral pou byen yo; 4–8, Sen yo dwe aksepte *lalwa konstitisyon peyi a*; 9–10, *Yo ta dwe sipòte moun ki onèt, saj, epi ki bon pou gouvènè peyi a*; 11–15, *Moun ki bay lavi yo pou kòz Senyè a pral gen lavi etènèl*; 16–18, *Renonse ak lagè epi pwoklame lapè*; 19–22, *Sen yo ki nan Kirtland yo resevwa repwòch ak kòmandman pou yo repanti*; 23–32, *Senyè a revele lalwa Li ki gouvènè pèsekisyon ak afliksyon ki enpoze sou pèp Li a*; 33–38, *Lagè jistifye sèlman lè Senyè a kòmande l*; 39–48, *Sen yo dwe padone ènmi yo, epi ènmi yo ap chape anba vanjans Senyè a si yo repanti.*

AN verite M di nou, zanmi m yo, pa “pè, rekonfòte kè ou; wi, rejwi tout tan, epi nan tout bagay bay ^bremèsiman;

2 “Rete tann Senyè a avèk pasyans, paske priyè nou yo antre nan zòrèy Senyè tout Lame a yo, epi yo anrejistre avèk so epi ak testaman sa a Senyè a te sèmante epi l te dekrete pou l akòde bagay sa a.

3 Senyè a di, se poutèt sa, li ba nou pwomès sa a, avèk yon alyans ki pa kapab chanje pou yo akonpli; epi tout bagay ki te “aflije nou pral travay ansanm pou byen nou, epi pou laglwa non mwen.

27a Ezek. 18:27.
28a GE Benediksyon, beni.

98 1a D&A 68:6.

b GE Rekonesan, remèsiman.
2a Sòm 27:14; Eza. 30:18–19;

D&A 133:45.
3a D&A 122:7.
GE Advèsite.

4 Epi kounyeya, an verite m di nou, konsènan lalwa peyi a, se volonte m pou pèp mwen an ob-sève pou l fè tout bagay m kòmande yo.

5 Epi ^alalwa sa a ki pou peyi a, ki ^bkonstitisyonèl la, ki sipòte prensip libète a, paske l kenbe dwa ak privilèj yo, li pou tout li-manite, epi li jis devan mwen.

6 Se poutèt sa, mwen menm Senyè a, m jistifye nou, ak frè nou yo ki nan legliz mwen an, lè n ap aksepte lalwa sa a ki se lalwa konstitisyon peyi a;

7 Men, dapre sa ki konsène lalwa lòm, nenpòt sa ki plis ou-byen mwens pase sa, li soti nan mal.

8 Mwen menm, Senyè Bondye a, m fè nou ^alib, se poutèt sa, nou gade lib; epi lalwa a fè nou lib tou.

9 Sepandan, lè ^amechan ap di-rije, pèp la plenyen.

10 Se poutèt sa, yo ta dwe chèche avèk dilijans moun ki ^aonèt ak moun ki saj, epi nou ta dwe sipòte bon moun ak moun ki saj; otreman, nenpòt bagay ki mwens pase sa li soti nan mal.

11 Epi m ba nou yon kòmandman pou nou abandone tout mal epi pou nou atache nou avèk tout byen, pou nou kapab viv

avèk chak ^apawòl ki soti nan bouch Bondye.

12 Paske l ap ^abay moun ki fi-dèl yo liy sou liy, presèp sou presèp; epi m ap ^beseye nou pou m kapab teste ou.

13 Epi nenpòt moun ki ^abay vi l nan kòz mwen, poutèt non mwen, l ap jwenn li ankò, lavi etènèl menm.

14 Se poutèt sa, Senyè a di, pa ^apè ènmi nou yo, paske m dekrete nan kè mwen, pou m ^bteste nou nan tout bagay, pou wè si n ap rete nan alyans mwen an, menm jouk nan ^clanmò, pou nou kapab rete diy.

15 Paske si nou pa rete nan alyans mwen an, nou pa diy pou mwen.

16 Se poutèt sa, ^arenonse avèk ^blagè epi pwoklame ^clapè, epi chèche avèk dilijans pou fè kè pitit yo ^dvire sou papa yo, epi kè papa yo sou pitit yo;

17 Epi ankò, kè ^aJuif yo sou pwofèt yo, epi kè pwofèt yo sou Juif yo; pou m pa vin frape tout tè a avèk yon malediksyon, epi tout chè konsonmen devan mwen.

18 Pa kite kè nou twouble; paske gen ^aanpil palè lakay Papa m, epi m prepare yon plas pou nou; epi kote Papa m avèk mwen ye, se la n ap ye tou.

5a 1 Pyè 2:13-14;
D&A 58:21; 134:5.

b D&A 101:77-80;
109:54.
GE Konstitisyon;
Libète.

8a Jan 8:32;
2 Kor. 3:17.
GE Lib, libète;
Lib abit.

9a Pwov. 29:2.
10a GE Onèt, onètete.

11a Det. 8:3;
Mat. 4:4;
D&A 84:43-44.

12a Eza. 28:10;
D&A 42:61.
b Abr. 3:25-26.

13a Lik 9:24;
D&A 101:35-38;
103:27-28.
GE Matirize, mati.

14a Ney. 4:14;
D&A 122:9.

b D&A 124:55.

c Apok. 2:10;
D&A 136:31, 39.

16a Alma 48:14.
GE Pezib.

b GE Lagè.
c GE Lapè.
d Mal. 4:5-6;
D&A 2:1-2.

17a GE Juif yo.

18a Jan 14:2;
D&A 59:2; 76:111; 81:6.

19 Gade, mwen menm Senyè a m pa kontan avèk anpil moun ki nan legliz Kirtland nan;

20 Paske yo pa abandone peche yo, ak chemen mechan yo, lògèy ki nan kè yo a, ak konvwatiz yo, ak tout bagay detestab yo, epi pou yo obsève pawòl sajès yo ak lavi etènèl m ba yo a.

21 An verite m di nou, mwen menm Senyè a, m ap “chatye yo epi m ap fè tout bagay m te mete sou lis, si yo pa repanti pou yo obsève tout bagay m te di yo.

22 Epi ankò m di nou, si nou obsève pou nou “fè tout bagay m kòmande nou, mwen menm Senyè a, m ap detounen tout kòlè ak endiyasyon lwen nou, epi ^bpòt lanfè a p ap gen pouvwa sou nou.

23 Kounyeya, m ap pale avèk nou konsènan fanmi nou—si lè-zòm “frape nou, oubyen fanmi nou yon fwa, epi nou sipòte l avèk pasyans epi nou pa revòlte kont yo, ni tou nou pa chèche revanj, n ap rekonpanse;

24 Men, si nou pa sipòte l avèk pasyans, l ap konte pou nou “tankou yon bagay ou byen merite.

25 Epi ankò, si ènmi nou frape nou yon dezyèm fwa, epi nou pa revòlte kont ènmi nou, epi ou sipòte l avèk pasyans, rekonpans nou ap san fwa plis.

26 Epi ankò, si l frape nou yon

twazyèm fwa, epi nou sipòte l avèk “pasyans, rekonpans nou ap double kat fwa;

27 Epi twa temwayaj sa yo ap kanpe kont ènmi nou si l pa repanti, epi l p ap efase.

28 Epi kounyeya, an verite m di nou, si ènmi sa a chape anba vanjans mwen, epi li pa tonbe nan jijman devan mwen, lè sa a nou pa dwe manke “avèti l nan non mwen, pou l pa vini sou nou ankò, ni sou fanmi nou, menm pitit pitit nou yo sou twazyèm ak katriyèm jenerasyon.

29 Epi apre sa, si l vini sou nou oubyen sou pitit nou, oubyen pitit pitit nou sou twazyèm ak katriyèm jenerasyon an, m ap livre ènmi nou nan men nou;

30 Epi si nou epanye l, n ap rekonpanse pou lajistis nou; ak pitit nou yo ak pitit pitit nou yo jouk nan twazyèm ak katriyèm jenerasyon.

31 Sepandan, ènmi nou nan men nou, epi si nou rekonpanse l pou zèv li yo nou jistifye; si l te chèche pran vi nou, epi li mete vi nou an danje, ènmi nou an nan men nou epi nou jistifye.

32 Gade, se lalwa sa a m te bay sèvitè m nan, Nefi, ak “papa nou yo, Joseph, ak Jakòb, ak Izarak, ak Abraram, ak tout ansyen pwofèt ak apot mwen yo.

33 Epi ankò, se “lalwa sa a m te bay ansyen moun mwen yo, pou yo pa ale nan goumen kont

21a Mozya 23:21;
Ela. 12:3.
GE Chatye, chatiman.
22a GE Obeyi, obeyisan,
obeyisans.
b Mat. 16:17–18;

D&A 33:12–13.
23a Lik 6:29;
Alma 43:46–47.
GE Pèsekisyon,
pèsekite.
24a Mat. 7:1–2.

26a GE Pasyans.
28a GE Avèti, avètisman.
32a D&A 27:10.
33a Det. 20:10;
Alma 48:14–16.

okenn lòt nasyon, fanmi, lang oubyen pèp, san mwen menm Senyè a m pa kòmande yo.

34 Epi si nenpòt nasyon, lang, oubyen pèp ta deklare lagè kont yo, yo dwe leve yon banyè “lapè devan pèp, nasyon, oubyen lang sa a dabò;

35 Epi si pèp sa a pa aksepte lapè yo ofri a, ni dezyèm fwa ak twazyèm fwa a, yo te dwe pote temwayaj sa yo devan Senyè a;

36 Apre sa, mwen menm Senyè a, m t ap ba yo yon kòmandman, epi m t ap jistifye yo pou y al goumen kont nasyon sa a, lang sa a, oubyen pèp sa a.

37 Epi mwen menm Senyè a, m t ap “goumen nan batay yo a, ak batay pitit yo a, ak batay pitit pitit yo a, jistan yo vanje tèt yo sou tout ènmi yo, jouk nan twazyèm ak katriyèm jenerasyon.

38 Senyè Bondye nou an di, gade, se yon egzanzp pou tout pèp, pou jistifikasyon devan m.

39 Epi ankò, an verite m di nou, si apre ènmi nou an te vini sou nou pou premye fwa a, li repanti epi l vin priye pou padon, nou dwe padone l, epi nou pa dwe kenbe sa kòm yon temwayaj kont ènmi nou an ankò—

40 Epi eksetera, jouk nan dezyèm ak twazyèm fwa a; epi osi souvan ènmi nou an repanti nan peche kont nou, nou dwe “padone l, jouk sou swasanndis fwa swasanndis.

41 Epi si l peche kont nou epi l

pa repanti pou premye fwa, malgre sa nou dwe padone l.

42 Epi si l fè peche kont nou pou dezyèm fwa a, epi l pa repanti, malgre sa nou dwe padone l.

43 Epi si l fè peche kont nou pou twazyèm fwa, epi l pa repanti, nou dwe padone l tou.

44 Men, si l fè peche kont nou pou katriyèm fwa nou pa dwe padone l, men nou dwe pote temwayaj sa yo devan Senyè a; epi yo p ap efase jistan l repanti epi l rekonpanse nou kat fwa plis nan tout bagay li te peche kont nou.

45 Epi si l fè sa, nou dwe padone l avèk tout kè nou; epi si l pa fè sa, mwen menm Senyè a, m ap “vanje nou kont ènmi nou an san fwa plis;

46 Ak sou pitit li yo, ak sou pitit pitit tout moun ki rayi m, jouk nan “twazyèm ak katriyèm jenerasyon an.

47 Men si timoun yo repanti, oubyen pitit pitit yo, epi yo “retounen vin jwenn Senyè Bondye yo a, avèk tout kè yo, epi avèk tout pouvwa yo, panse yo, ak fòs yo, epi yo peye kat fwa pou tout peche yo te fè yo, oubyen papa yo te fè, oubyen papa papa yo, apre sa, nou dwe detounen endiyasyon nou;

48 Epi Senyè Bondye nou an di, “vanjans p ap vini sou yo ankò, epi peche yo p ap janm prezante ankò kòm yon temwayaj devan Senyè a kont yo. Amèn.

34a D&A 105:38–41.

37a Joz. 23:10;

Eza. 49:25.

40a Mat. 18:21–22;

D&A 64:9–11.

GE Padon.

45a Mòmmon 8:20.

46a Det. 5:9–10.

47a Mozya 7:33;

Mòm. 9:6.

48a Ezek. 18:19–23.

SEKSYON 99

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pou John Murdock, 29 Out 1832, nan Hiram, Ohio. Pandan plis pase ennan, John Murdock t ap preche levanjil la pandan pitit li yo—ki te san manman apre lanmò madanm ni, Julia Clapp, an Avril 1831—te abite avèk kèk lòt fanmi nan Ohio.

1-8, John Murdock resevwa apèl pou l pwoklame levanjil la, epi moun ki resevwa l yo resevwa Senyè a epi y ap jwenn mizèrikòd.

GADE, mwen Senyè a di sèvitè m nan, John Murdock—ou resevwa apèl pou ale nan peyi lès yo soti nan yon kay ale nan yon lòt, soti nan yon vilaj ale nan yon lòt, epi soti nan yon vil ale nan yon lòt, pou pwoklame levanjil etènèl mwen an bay abitan kote sa yo, nan mitan “pèsekisyon ak mechanste.

2 Epi nenpòt moun ki ^aresevwa ou, li resevwa m; epi w ap gen pouvwa pou ou deklare pawòl mwen nan ^bdemonstrasyon Sentespri a.

3 Epi moun ki resevwa ou ^atankou yon timoun piti, li resevwa ^bwayòm mwen an; epi li

beni, paske y ap jwenn ‘mizèrikòd.

4 Epi nenpòt moun ki ^arejte ou, Papa m ak lakay li ap rejte l tou; epi ou dwe netwaye ^bpye ou nan plas sekrè yo sou wout la kòm temwayaj kont yo.

5 Epi gade, m ap ^avini rapid rapid pou ^bjijman, pou m konvenk tout move zèv yo te komèt kont mwen, jan sa ekri konsènan mwen nan volim liv la.

6 Epi kounyeya, an verite m di ou, se pa nesesè pou w ale jistan bezwen pitit ou yo satisfè, epi ou voye yo kote evèk Siyon an avèk jantiyès.

7 Epi apre kèk lane, si ou vle m voye ou, ou kapab ale nan bon peyi a tou, pou ou posede eritaj pa ou;

8 San sa, ou dwe kontinye pwoklame levanjil mwen an ^ajistan m pran ou. Amèn.

SEKSYON 100

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la ak Sidney Rigdon te resevwa, nan Perrysburg, New York, 12 Oktòb 1833. Paske de frè yo te pati ale lwen fanmi yo pandan plizyè jou, yo te enkyete pou fanmi yo.

99 1a GE Pèsekisyon, pèsekite.

2a Mat. 10:40.

b 1 Kor. 2:4-5.

3a Mat. 18:1-6.

b GE Wayòm

Bondye oubyen

wayòm syèl la.

c GE Mizèrikòd.

4a Jan 12:44-50.

b D&A 75:19-22.

5a D&A 1:11-14.

b Jid 1:14-15.

GE Jezikri—Jij.

8a Mat. 19:29.

1-4, *Joseph ak Sidney dwe preche levanjil la pou sali nanm yo*; 5-8, *Y ap resewa nan lè a menm kisa pou yo di*; 9-12, *Sidney dwe vin yon pòtpawòl epi Joseph dwe vin yon revelatè epi l dwe vin pisan nan temwayaj*; 13-17, *Senyè a pral leve yon pèp ki pi, epi moun ki obeyisan ap sove*.

AN verite, Senyè a di nou, zanmi m yo, "Sidney ak ^bJoseph, fanmi nou byen; yo nan men m, epi m ap fè sa m wè ki bon avèk yo; paske nan mwèn gen tout pouvwa.

2 Se poutèt sa, suiv mwèn, epi koute konsèy m pral ba nou an.

3 Gade m gen anpil moun nan plas sa a, nan rejyon alantou yo; epi yon pòt efikas pral louvri nan rejyon alantou yo nan peyi lès sa a.

4 Se poutèt sa, mwèn menm Senyè a, m te kite nan vini nou plas sa a; paske se konsa sa te nesesè pou mwèn pou "sali nanm.

5 Se poutèt sa, an verite m di nou, leve vwa ou devan pèp sa a; di "pawòl m pral mete nan kè ou yo, epi nou p ap gen konfizyon devan lèzòm;

6 Paske nou pral "resewa nan lè a menm, wi, nan moman an menm, kisa pou nou di.

7 Men m ba nou yon kòmandman, pou nou deklare nenpòt

bagay nou "deklare nan non mwèn, avèk yon kè solanèl, avèk yon lespri ^bdou, nan tout bagay.

8 Epi m ba nou pwomès sa a, toutotan nou fè sa, "Sentespri a ap desann pou rann temwayaj konsènan tout bagay nou pral di.

9 Epi se nesesè pou oumenm, sèvitè m nan, Sidney, pou ou sèvi kòm yon "pòtpawòl pou pèp sa a; wi, an verite, m ap òdone ou nan apèl sa a, menm kòm yon pòtpawòl pou sèvitè m nan, Joseph.

10 Epi m ap ba li pouvwa pou l gran nan "temwayaj.

11 Epi m ap ba ou pouvwa pou ou vin "pisan nan eksplike tout ekriti, pou ou kapab yon pòtpawòl pou li, epi l ap yon ^brevelatè pou ou, pou ou kapab konnen sètitud tout bagay ki gen rapò avèk zafè wayòm mwèn an sou tè a.

12 Se poutèt sa, kontinye vwayaj ou a epi kite kè ou rejwi; paske gade, m avèk ou jiska lafen.

13 Epi kounyeya m ba ou yon pawòl konsènan "Siyon. Siyon pral ^brachte, malgre li chatye pou yon ti tan.

14 Frè ou yo, sèvitè m yo, "Orson Hyde ak John Gould, nan men mwèn; epi toutotan yo respekte kòmandman m yo y ap sove.

100 1a GE Rigdon, Sidney.
b GE Smith, Joseph, pitit la.
4a GE Sali.
5a Ela. 5:18;
D&A 68:3-4.
6a Mat. 10:19-20;

D&A 84:85.
7a D&A 84:61.
b GE Dou, dousè.
8a 2 Ne. 33:1-4.
9a Egz. 4:14-16;
2 Ne. 3:17-18;
D&A 124:103-104.

10a GE Temwaye.
11a Alma 17:2-3.
b D&A 124:125.
13a GE Siyon.
b D&A 84:99;
105:9-10, 31, 37.
14a GE Hyde, Orson.

15 Se poutèt sa, rekonfòte kè ou; paske “tout bagay ap travay ansanm pou byen pou moun ki mache dwat, epi pou sanktifikasyon legliz la.

16 Paske m pral leve yon pèp ki

“pi pou tèt pa mwen, ki pral sèvi m avèk lajistis;

17 Epi tout moun ki “rele non Senyè a, epi ki respekte kòmandman l yo, y ap sove. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 101

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland, Ohio, 16 ak 17 Desanm 1833. Nan epòk sa a Sen ki te rasanble nan Misouri yo t ap soufri anba anpil pèsekisyon. Popilas la te chase yo deyò lakay yo nan Konte Jackson; epi kèk nan Sen yo te eseye tabli tèt yo nan Konte Van Buren, Konte Lafayette, ak Konte Ray, men pèsekisyon an te suiv yo. Gwoup prensipal Sen yo te nan Konte Clay, Misouri nan epòk sa a. Te gen anpil menas lanmò kont moun ki te manm legliz la. Sen nan Konte Jackson yo te pèdi mèb ki te nan kay yo, rad, bèt gadinaj, ak lòt pwopriyete; epi anpil nan jaden yo te detwi.

1–8, *Sen yo aflije epi yo chatye poutèt transgresyon yo; 9–15, Endiyasyon Senyè a pral tonbe sou nasyon yo, men, pèp Li a pral rasanble epi li pral konsole; 16–21, Siyon ak pye li yo pral tabli; 22–31, Nati lavi pandan Milenyòm nan tabli; 32–42, Sen yo pral beni epi yo pral rekonpanse lè sa a; 43–62, Parabol moun ki nòb la ak pye oliv la siyifi pwoblèm ak redanmsyon Siyon; 63–75, Sen yo dwe kontinye rasanble; 76–80, Senyè a tabli Konstitisyon Etazini an; 81–101, Sen yo dwe ensiste pou sipòte grèv, dapre parabol fi a ak jij ki pa jis la.*

AN verite M di ou, konsènan frè

w yo ki te aflije yo, “pèsekite, epi ^bchase soti sou tè eritaj yo—

2 Mwen menm Senyè a, m te kite “aflikasyon tonbe sou yo, kote yo te aflije, pou konsekans ^btransgresyon yo;

3 Malgre sa, m ap adopte yo, epi yo pral pou “mwen nan jou sa a lè m pral vini pou m fè bè-bèl akyo yo.

4 Se poutèt sa, se nesèsè pou yo “chatye epi pou yo epwouve, menm jan avèk ^bAbraram, ki te kòmande pou l ofri sèl pitit gason li a.

5 Paske tout moun ki pa vle sipòte chatiman, men ki “nye mwen, yo pa kapab ^bsanktifye.

15a Wom. 8:28;
D&A 90:24; 105:40.

16a GE Pi, pite.

17a Jowèl 2:32;

Alma 38:4–5.

101 1a GE Pèsekisyon,
pèsekite.

b D&A 103:1–2, 11;

109:47.

2a D&A 58:3–4.

b Mozya 7:29–30;

D&A 103:4; 105:2–10.

3a Eza. 62:3;

Mal. 3:17;

D&A 60:4.

4a D&A 95:1–2; 136:31.

GE Chatye, chatiman.

b Jen. 22:1–14;

Jakòb 4:5.

GE Abraram.

5a Mat. 10:32–33;

Wom. 1:16;

2 Ne. 31:14.

b GE Sanktifikasyon.

6 Gade, m di ou, te gen joure, ak ^achirepit, ak ^banvi, ak goumen, ak ^canvi konvwatiz lachè pami yo; se poutèt sa yo sal eritaj yo avèk bagay sa yo.

7 Yo te lan pou yo ^akoute vwa Senyè Bondye yo a; se poutèt sa, Senyè Bondye a lan pou l koute priyè yo, pou reponn yo nan jou pwoblèm yo.

8 Nan jou lapè yo, yo gade konsèy mwen yo pou anyen; men, nan jou ^apwoblèm yo, nesosite yo, yo ^bchèche m.

9 An verite m di ou, malgre peche yo, zantray mwen ranpli avèk ^akonpasyon pou yo. M p ap ^bchase yo totalman; epi nan jou yo ^ckòlè m ap sonje mizèrikòd la.

10 M te sèman, epi dekrè a te soti nan yon ansyen kòmandman m te ba ou, pou m kite ^aepe endiyasyon m tonbe sou pèp mwen an; epi menm jan m te di a, sa pral pase konsa.

11 Endiyasyon m pral vide talè-konsa san mezi sou tout nasyon yo; epi m ap fè sa lè gode inikite yo ^aranpli.

12 Epi nan jou sa a tout moun m jwenn sou ^asantinèl la, oubyen otreman di, tout Izrayèl mwen an ap sove.

13 Epi moun ki te dispèse yo pral ^arasanble.

14 Epi tout moun ki t ap ^alamante yo pral konsole.

15 Epi tout moun ki te bay ^avi yo poutèt non mwen yo pral kouwone.

16 Se poutèt sa, konsole kè ou konsènan Siyon; paske tout chè nan ^amen m; rete trankil epi ^bkonnen m se Bondye.

17 Moun p ap deplase ^aSiyon soti nan plas li a, malgre pitit li yo dispèse.

18 Moun ki rete yo, epi ki gen kè pi yo, pral retounen, pou yo vini nan ^aeritaj yo a, yo menm ak pitit yo, avèk ^bchan lajwa etènèl, pou yo ^cbati plas dezole Siyon yo—

19 Epi tout bagay sa yo pou pwofesi yo kapab akonpli.

20 Epi, gade, pa gen okenn lòt ^akote ki fikse eksepte kote m te fikse a; ni tou p ap gen okenn lòt kote ki pral fikse eksepte kote m te fikse a, pou travay rasanbleman sen mwen yo—

21 Jistan jou a vini lè pa gen okenn plas pou yo ankò; epi apre sa m gen lòt plas m pral fikse pou yo, epi plas sa yo pral rele ^apye, pou sipò oubyen fòs Siyon.

6a GE Kontansyon.

b GE Anvi.

c GE Konvwate, konvwatiz.

7a Eza. 59:2; Mozya 11:22-25; 21:15; Alma 5:38.

8a Ela. 12:3.

b Tra. 17:27;

Alma 32:5-16.

9a GE Konpasyon; Mizèrikòd.

b Jer. 30:11.

c D&A 98:21-22.

10a D&A 1:13-14.

11a Ela. 13:14;

Etè 2:9-11.

12a GE Santinèl, veye.

13a Det. 30:3-6;

1 Ne. 10:14.

GE Izrayèl—

Rasanbleman

Izrayèl la.

14a Mat. 5:4.

15a Mat. 10:39.

GE Matirize, mati.

16a Moyiz 6:32.

b Egz. 14:13-14;

Sòm 46:10.

17a GE Siyon.

18a D&A 103:11-14.

b Eza. 35:10;

D&A 45:71.

GE Chante.

c Amòs 9:13-15;

D&A 84:2-5; 103:11.

20a D&A 57:1-4.

21a D&A 82:13-14;

115:6, 17-18.

GE Pye.

22 Gade, se volonte m, pou tout moun ki rele non mwen, epi ki adore m daprè levanjil etènèl mwen an, ta ^arasanble ansanm, epi pou yo ^bkanpe nan plas ki sen;

23 Epi pou yo pare pou revelasyon ki pral vini an, lè ^avwal ki kouvri tanp mwen an, nan tabènak mwen an, ki kache tè a, pral soti, epi tout kò fizik pral ^bwè m ansanm.

24 Epi tout bagay ki ka ^apouri, ni nan lòm, oubyen nan bèt ki nan bwa, oubyen ki nan zwazo yo ki nan syèl la, oubyen pwason yo ki nan lanmè a, ki rete sou tout sifas tè a, pral ^bkonsonnen;

25 Epi tou pou eleman yo ^afonn avèk anpil chalè; epi tout bagay pral vin ^bnouvo, pou konesans mwen ak ^alaglwa mwen kapab rete sou tè a.

26 Epi nan jou sa a ^aènmi lòm, ak ènmi bèt yo, wi, ènmi tout kò fizik pral ^bsispann devan fas mwen.

27 Epi nan jou sa a nenpòt bagay nenpòt moun mande, l ap resevwa l.

28 Epi nan jou sa a ^aSatan p ap gen pouvwa pou l tante pèsonn.

29 Epi p ap gen ^atristès paske pa gen lanmò.

30 Nan jou sa a yon ^atimoun p ap mouri jistan l vyeyi; epi vi l ap tankou laj yon pyebwa;

31 Epi lè l mouri li p ap dòmi, sa vle di nan tè a, men l ap ^achanje nan yon klendèy, epi l ap ^bmonte, epi repo li pral glo-riye.

32 Wi, an verite m di ou, nan ^ajou sa a lè Senyè a vini, l ap ^brevele tout bagay—

33 Bagay ki te pase, ak bagay ^akache pèsonn pa t konnen, bagay ki konsène tè a, ki te itilize pou kreye l, ak objektif li ak destine l—

34 Bagay ki pi presye, bagay ki anlè, ak bagay ki anba, bagay ki nan tè a, ak sou tè a, ak nan syèl la.

35 Epi tout moun ki soufri ^apèsekisyon poutèt non mwen, epi ki pèsevere nan lafwa, malgre yo aple pou yo bay vi yo poutèt ^bmwen, y ap patisipe nan tout laglwa sa a.

36 Se sa ki fè, pa pè menm jouk nan ^alanmò; paske nan mond sa a lajwa ou pa total, men, nan mwen ^blajwa ou total.

37 Se poutèt sa, pa okipe kò

22a GE Izrayèl—Rasanbleman Izrayèl la.
b Mat. 24:15; D&A 45:32; 115:6.
23a GE Vwal.
b Eza. 40:5; D&A 38:8; 93:1.
GE Dezyèm Vini Jezikri.
24a D&A 29:24.
b Sof. 1:2–3; Mal. 4:1; D&A 88:94;

I—JS 1:37.
25a Amòs 9:5;
2 Pyè 3:10–14.
GE Tè—Netwayaj tè a.
b Apok. 21:5.
c GE Milenyòm.
26a Eza. 11:6–9.
GE Inimitey.
b GE Lapè.
28a Apok. 20:2–3;
1 Ne. 22:26;
D&A 88:110.
29a Apok. 21:4.
30a Eza. 65:20–22;

D&A 63:51.
31a 1 Kor. 15:52;
D&A 43:32.
b 1 Tes. 4:16–17.
32a D&A 29:11.
GE Milenyòm.
b D&A 121:26–28.
33a GE Mistè Bondye yo.
35a D&A 63:20.
GE Pèsekisyon, pèsekite.
b D&A 98:13.
36a GE Lanmò, fizik.
b GE Jwa.

a, ni vi kò a; men, okipe “nanm nan, ak vi nanm nan.

38 Epi “chèche fas Senyè a tout tan, pou ou kapab posede nanm ou avèk ^bpasyans, epi w ap genyen lavi etènèl.

39 Lè lèzòm aple nan “levanjil etènèl mwen an, epi yo fè alyans nan yon alyans etènèl, yo konsidere kòm ^bsèl tè a ak gou lèzòm;

40 Yo aple pou yo bay lèzòm gou; se poutèt sa, si sèl tè a pèdi gou l, gade, lè sa a li pa vo anyen sèlman pou yo jete l epi pou l pyetine anba pye lèzòm.

41 Gade, men sajès konsènan pitit Siyon yo, anpil ladan yo menm, men, se pa yo tout; yo te bare yo kòm transgresè, se poutèt sa, se nesèsè pou yo “chatye—

42 Yon moun ki “leve tèt li l ap bese, epi yon moun ki ^bbese tèt li l ap leve.

43 Epi kounyeya, m ap montre ou yon parabòl, pou w kapab konnen volonte m konsènan redansyon Siyon.

44 Yon nonm “rich te gen yon anplasman teren, ki enpòtan anpil; epi li di sèvitè l yo: ale nan ^bjaden m nan, sou moso tè ki enpòtan anpil sa a menm, epi plante douz pye oliv;

45 Epi l te mete “santinèl alantou yo, epi l te bati yon tou, pou yon moun kapab siveye tè ki alantou a, kòm yon santinèl sou

tou a, pou pye oliv mwen an kapab pa kase lè ènmi an vini pou l piye epi pou pran fwi yo ki nan jaden m nan.

46 Kounyeya, sèvitè moun rich la t ale epi yo te fè jan Senyè a yo a te kòmande yo a, yo te plante pye oliv yo, yo te mete yon lantouraj alantou, epi yo te tabli santinèl, epi yo te kòmanse bati yon tou.

47 Epi pandan yo t ap fè fondasyon an, yo te kòmanse di pami yo: Ki nesèsite Senyè m nan genyen pou tou sa?

48 Epi yo te fè anpil kòmantè, yo t ap di pami yo: ki nesèsite Senyè m nan genyen pou tou sa a, paske kounyeya se yon tan lapè?

49 Èske l pa ta dwe bay lajan sa a pito? Paske pa gen nesèsite pou bagay sa yo.

50 Epi pandan yo t ap diskite youn avèk lòt yo te vin parese anpil, epi yo pa t koute kòmandman Senyè yo a.

51 Epi ènmi an te vini nan nuit, epi l te kraze “lantouraj la; epi sèvitè nonm rich la te leve epi yo te pè, epi yo te kouri; epi ènmi an te detwi travay yo a, epi yo te kraze pye oliv yo.

52 Kounyeya, gade, nonm rich la, Senyè jaden an te rele sèvitè l yo, epi l te di yo, Poukisa! Kisa ki lakòz gran mal sa a?

53 Èske nou pa t dwe fè jan m te kòmande nou an, epi—apre

37a GE Nanm.

38a 2 Kwo. 7:14;
D&A 93:1.

^b GE Pasyans.

39a GE Nòuvo alyans etènèl.

^b Mat. 5:13;

D&A 103:10.

41a GE Chatye, chatiman.

42a Abd. 1:3–4;

Lik 14:11;

Ela. 4:12–13.

^b Lik 18:14.

GE Enb, imilite.

44a D&A 103:21–22.

^b GE Jaden Senyè a.

45a Ezek. 33:2, 7;

3 Ne. 16:18.

GE Santinèl, veye.

51a Eza. 5:1–7.

nou te fin plante jaden an, epi nou bati lantouraj alantou l, epi nou tabli santinèl sou miray yo, epi pou nou pa t tonbe dòmi pou ènmi an pa t vini sou nou?

54 Epi gade, santinèl ki sou tou a t ap wè ènmi an depi byen lwen; epi nou t ap kapab pare nou pou nou anpeche ènmi an kraze lantouraj la, pou nou sove jaden m nan anba men destrukti a.

55 Epi Senyè jaden an di youn nan sèvitè l yo: ale epi rasanble rès sèvitè m yo, epi pran “tout fòs kay mwen an, ki se gèye m yo, jèn gason m yo, epi moun ki gen laj mwayen yo tou pami tout sèvitè m yo, ki se fòs kay mwen an, ekseptè sèlman moun m te lonmen pou rete yo;

56 Epi ale tou dwat sou tè jaden m nan, epi rachte jaden m nan; paske li pou mwen; m te achete l avèk lajan.

57 Se poutèt sa, ale tou dwat sou tè m nan; kraze miray ènmi m yo; chavire tou yo a, epi dispeze santinèl pa yo.

58 Epi toutotan yo rasanble kont nou, “vanje m sou ènmi m yo, pou yon lè m kapab vini avèk rès kay mwen an pou m re-prann tè a.

59 Epi sèvitè a te di Senyè li a: ki lè bagay sa yo pral fèt?

60 Epi li di sèvitè li a: Lè m vle; ale tou dwat, epi fè tout bagay m kòmande w yo;

61 Epi men sa ki pral so m ak benediksyon m sou ou—yon sèvitè fidèl ak yon “responsab ki saj nan mitan kay mwen, yon ^bdirijan nan wayòm mwen an.

62 Epi sèvitè li a t ale tou dwat, li te fè tout sa Senyè li a te kòmande l; epi “apre plizyè jou tout bagay te akonpli.

63 Ankò, m di nou an verite, m ap montre nou sajès mwen konsènan tout legliz yo, toutotan yo vle m gide yo nan fason dwat ki bon pou sali yo—

64 Pou travay rasanbleman sen mwen yo kapab kontinye, pou m kapab bati yo pou non mwen sou plas ki “sen; paske tan ^brekòt la rive, epi pawòl mwen dwe “akonpli.

65 Se poutèt sa m dwe rasanble pèp mwen an, dapre parabòl ble ak move “zèb la, pou ble a kapab an sekirite nan barik yo pou yo jwenn lavi etènèl, epi pou yo kouwone avèk laglwa ^bselès, lè m vini nan wayòm Papa m nan pou m rekonpanse chak moun dapre zèv yo te fè;

66 Pandan move zèb yo pral mare fè pakèt, epi kòd yo pral mare sere, pou yo kapab “boule avèk dife ki pa kapab etenn,

67 Se poutèt sa, m bay tout legliz yo yon kòmandman, pou yo kontinye rasanble ansanm nan plas m te tabli yo.

68 Men, jan m te di nou nan yon kòmandman anvan an, pa kite

55a D&A 103:22, 29–30;
105:16, 29–30.

58a D&A 97:22–24; 105:15.

61a D&A 78:22.

b Mat. 25:20–23.

62a D&A 105:37.

64a D&A 87:8.

b D&A 33:3, 7.

c GE Rekòt.

c D&A 1:38.

65a Mat. 13:6–43;

D&A 86:1–7.

b GE Glwa selès.

66a Nawoum 1:5;

Mat. 3:12;

D&A 38:12;

63:33–34.

“rasanbleman nou an fèt twò vit, ni tankou n ap vole; men se pou tout bagay prepare devan nou.

69 Epi pou tout bagay kapab prepare devan nou, obsève kòmandman m bay konsènan bagay sa yo—

70 Ki di, oubyen ki ansenye, pou nou “achte tout tè ki kapab achte avèk lajan, nan rejyon anviwon tè m te tabli kòm tè Siyon an, pou kòmansman rasanbleman sen mwen yo;

71 Tout tè ki kapab achte nan pwovens Jackson nan, ak pwovens ki alantou yo, epi kite rèz la nan men mwen.

72 Kounyeya, an verite m di nou, se pou tout legliz yo rasanble tout lajan yo ansanm: se pou bagay sa yo fèt nan tan pa yo, men pa twò “vit; epi obsève pou nou gen tout bagay prepare devan nou.

73 Epi se pou nou chwazi gason yo ki onorab, gason ki saj yo menm, epi voye yo ale achte tè sa yo.

74 Epi legliz yo ki nan peyi lès yo, lè yo bati, si yo koute konsèy sa yo kapab achte tè pou yo rasanble sou yo; epi nan fason sa yo kapab tabli Siyon.

75 Menm kounyeya deja gen ase nan rezèv, wi, menm yon abondans, pou rachte Siyon, epi pou tabli plas dezole li yo, pou yo pa voye yo atè ankò, kote legliz yo ki pote non mwen an “vle koute vwa mwen.

76 Epi ankò m di nou, moun ènmi yo te dispèse yo, se volonte m pou yo kontinye fè demand pou lajistis ak redansyon, nan men moun ki plase kòm dirijan yo epi ki gen otorite sou nou—

77 Daprè lalwa ak “konstitisyon pèp la, m te aksepte pou tabli a, epi ki dwe rete pou ^bdwa ak pwoteksyon tout kò fizik, daprè prensip ki jis epi ki sen;

78 Pou chak moun kapab aji nan doktrin ak prensip ki gen rapò avèk lavni, daprè “lib abit moral m ba li, pou chak moun kapab ^bresponsab pou pwòp peche pa li nan jou “jijman an.

79 Se poutèt sa, li pa jis pou okenn moun ta nan esklavaj youn anba lòt.

80 Epi se nan objektif sa a m tabli “Konstitisyon peyi sa a, anba men moun ki saj m leve pou objektif sa a menm, epi m rachte peyi a nan fè san ^bkoule.

81 Kounyeya, avèk kisa m ap konpare pitit Siyon yo? M ap konpare yo avèk “parabòl fi a ak jij enjis la, paske lèzòm dwe toujou ^bpriye epi pou yo pa fayi, ki vle di—

82 Te genyen nan yon vil yon jij ki pa t krenn Bondye, ni tou li pa t gen respè pou lòm.

83 Epi te genyen yon vèy nan vil sa a ki te vini kote l ki te di: Vanje advèsè m nan pou mwen.

68a D&A 58:56.

70a D&A 63:27–29.

72a Eza. 52:10–12.

75a Alma 5:37–39.

77a GE Gouvènanman.

b GE Libète.

78a GE Lib abit.

b GE Responsab, responsabilite.

c GE Jijman, Dènnye a.

80a 2 Ne. 1:7–9;
D&A 98:5–6.

GE Konstitisyon.

b 1 Ne. 13:13–19.

81a Lik 18:1–8.

b GE Priyè.

84 Epi li pa t vle fè sa pou kèk tan, men, aprè sa li di nan tèt pa li: Malgre m pa krenn Bondye, ni tou m pa respekte lòm, poutèt vèv sa a ap nwi m, m ap vanje li, pou l pa kontinye vin fatige m.

85 Se konsa m ap konpare pitit Siyon yo.

86 Se pou yo plenyen nan pye jij la;

87 Epi si l pa tandè yo, se pou yo plenyen nan pye gouvènè a;

88 Epi si gouvènè a pa tandè yo, se pou yo plenyen nan pye prezidan an;

89 Epi si prezidan an pa tandè yo, lè sa a, Senyè a pral leve epi l ap soti nan plas "kache li a, epi l ap chatye nasyon an nan kòlè li;

90 Epi nan mekontantman anmè li a, epi nan move kòlè li a, nan tan pa li, l ap retranche mechan sa yo, enfidèl sa yo, epi "responsab enjis sa yo, pou l ba yo pòsyon pa yo pami ipokrit yo, ak ^benkredil yo;

91 Nan tenèb deyò a menm, kote k ap gen "kriye, ak rele, ak sere dan.

92 Se poutèt sa nou dwe priye pou zòrèy yo kapab louvri devan kriye nou yo, pou m kapab gen "mizèrikòd pou yo, pou bagay sa yo pa vini sou yo.

93 Bagay m di nou yo dwe fèt pou tout moun kapab rete san "eskiz;

94 Pou moun ki saj yo ak dirijan yo kapab tandè epi pou yo konnen bagay yo pa t janm "anvizaje;

95 Bondye nou an di, pou m kapab avanse pou m reyalize aksyon m, aksyon "etranj mwen an, epi pou m akonpli travay mwen, travay etranj mwen an, pou lèzòm kapab fè ^bdistenksyon ant moun ki jis yo ak moun ki mechan yo.

96 Epi ankò, m di nou, se yon bagay ki kontrè avèk kòmandman m ak volonte m pou sèvitè m nan Sidney Gilbert ta vann "magazen m nan, m te tabli pou pèp mwen an, nan men ènmi m yo.

97 Pa kite ènmi m yo kontamine bagay m te tabli a, avèk konsantman moun ki "bay tèt yo non mwen;

98 Paske se yon peche grav kont mwen, ak kont pèp mwen an, kòm konsekans pou bagay m te dekrete yo epi ki dwe tonbe pwochèman sou nasyon yo.

99 Se poutèt sa, se volonte m pou pèp mwen an ta reklame epi pou yo ta kenbe bagay m tabli pou yo, menm si yo pa ta jwenn pèmision pou yo rete sou li.

100 Sepandan, m pa di yo p ap kapab rete sou li; paske toutotan yo pote fwi ak travay ki bon pou wayòm mwen an y ap rete sou li.

89a Eza. 45:15;
D&A 121:1, 4; 123:6.

90a GE Entandan,
entandans.
b Apok. 21:8.
GE Enkredilite.

91a Mat. 25:30;

D&A 19:5; 29:15-17;
124:8.

92a GE Mizèrikòd.
93a Wom. 1:18-21.
94a Eza. 52:15;
3 Ne. 20:45; 21:8.
95a Eza. 28:21;

D&A 95:4.

b Mal. 3:18.
GE Disènman, Don.
96a GE Magazen.
97a D&A 103:4;
112:25-26; 125:2.

101 Yo pral bati, epi lòt moun p | epi y ap manje fwi jaden an. Se
ap "eritye l; yo pral plante jaden, | konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 102

Rapò òganizasyon premye gran konsèy Legliz la, nan Kirtland, Ohio, 17 Fevriye 1834. Se Èldè Oliver Cowdery ak Èldè Orson Hyde ki te redije premye rapò yo. Nan jou apre a, Pwofèt la te korige rapò yo, epi nan jou apre a, gran konsèy la te aksepte rapò korije a alinanimite kòm "yon fòm ak konstitisyon gran konsèy la" Legliz la. Vèsè 30 rive 32 yo, ki gen rapò avèk Konsèy Douz Apot yo, te vin ajoute an 1835 sou direksyon Joseph Smith lè yo te prepare seksyon sa a pou publikasyon nan Doktrin ak Alyans yo.

1–8, Yon gran konsèy lonmen pou rezoud difikilte ki leve nan legliz la; 9–18, Yo resevwa direksyon pou fè jijman; 19–23, Prezidan konsèy la pran desizyon an; 24–34, Direksyon pou rele moun nan jijman tabli.

Jou sa a yon konsèy jeneral ki gen vennkat gran prèt te rasanble lakay Joseph Smith, pitit la, pa revelasyon, epi yo te kòmanse pou yo òganize "gran konsèy legliz Kris la, ki te dwe genyen douz gran prèt, epi youn oubyen twa prezidan selon jan sityasyon an mande.

2 Gran konsèy la te lonmen pa mwayen revelasyon nan objektif pou rezoud difikilte enpòtan ki ta kapab leve nan legliz la, difikilte legliz la oubyen konsèy "evèk la pa t kapab rezoud nan satisfaksyon diferan pati yo.

3 Vwa konsèy la te rekonèt Joseph Smith, pitit la, Sidney Rigdon ak Frederick G. Williams; kòm prezidan epi Joseph Smith, papa a, John Smith, Joseph Coe,

John Johnson, Martin Harris, John S. Carter, Jared Carter, Oliver Cowdery, Samuel H. Smith, Orson Hyde, Sylvester Smith, ak Luke Johnson, gran prèt, te chwazi pou sèvi kòm konsèy an chaj pou legliz la pa vwa jeneral konsèy la.

4 Apre sa, yo te mande moun sa yo si yo te aksepte nominasyon yo a, epi si yo t ap aji nan ofis sa a dapre lalwa syèl la, epi yo tout te reponn yo aksepte nominasyon yo a, epi yo t ap ranpli wòl yo dapre lagras Bondye vide sou yo.

5 Kantite moun ki konpoze konsèy la, ki te vote nan non legliz la epi pou legliz la nan konsèy ki site anlè yo te karantwa, nan lòd sa a: nèf gran prèt, disèt ansyen, kat prèt, ak trèz manm.

6 Yo te vote: pou gran konsèy la pa kapab gen pouvwa aji an absans sèt nan konsèy ki site anlè yo, oubyen san siksesè regilye yo ki te lonmen yo pa prezan.

7 Sèt sa yo pral gen pouvwa

pou yo lonmen lòt gran prèt yo konsidere diy epi ki kapab aji nan plas konseye ki absan.

8 Yo te vote: pou nenpòt lè gen yon plas vid akòz lanmò, relèv nan ofis poutèt transgresyon, oubyen relèv anba obligasyon gouvènman legliz sa a, pou nenpòt nan konseye ki te site yo, prezidan an oubyen prezidan yo ap fè nominasyon pou ranpli l, vwa konsèy jeneral gran prèt yo ap sanksyone l nan objektif sa a, pou aji nan non legliz la.

9 Se pa mwayen "revelasyon yo lonmen prezidan legliz la, ki se prezidan konsèy la tou, epi vwa legliz la ^brekonèt li nan administrasyon l.

10 Epi se dapre dinyite ofis li pou l prezide sou konsèy legliz la; epi li gen privilèj pou de lòt prezidan ede l, ki te chwazi nan menm fason li te chwazi a.

11 Epi nan ka absans youn oubyen tou de moun ki te lonmen pou asiste l yo, li gen pouvwa pou l prezide sou konsèy la san yon asistan; epi nan ka li absan pou tèt pa li, lòt prezidan yo gen pouvwa pou yo prezide nan plas li, yo tou de oubyen youn ladan yo.

12 Nenpòt lè yon gran konsèy legliz Kris la òganize regilyèman, dapre menm modèl sa a, se pral devwa douz konseye yo pou yo fè tiraj osò dapre kantite vwa, pou yo kapab konfime ki yès pami douz yo ki pral pale an premye, kòmanse avèk nimewo en jouk nan siksesyon nimewo douz.

13 Nenpòt lè konsèy sa a reini pou aji sou nenpòt ka, douz konseye yo pral konsidere si se yon ka difisil oubyen pa difisil; si l pa difisil, de sèlman nan konseye yo pral pale sou sa, dapre fòm ki ekri pi wo a.

14 Men, si yo panse l difisil, y ap chwazi kat; epi si l pi difisil, sis; men, nan okenn ka pa gen plis pase sis k ap chwazi pou pale.

15 Nan tout ka, akize a gen dwa sou mwaye konsèy la, pou evite ensilt oubyen enjistis.

16 Epi konseye yo ki chwazi pou pale devan konsèy la dwe prezante ka a, apre yo fin egzaminen prèv la, ak tout limyè davan konsèy la; epi chak moun dwe pale dapre dwati ak "lajistis.

17 Konseye yo ki tire nimewo doub yo, ki vle di 2, 4, 6, 8, 10, ak 12 yo, se yo menm ki pral kanpe an favè akize a, pou yo evite ensilt ak enjistis.

18 Nan tout ka akizatè a ak akize a ap gen privilèj pou yo pale pou tèt pa yo devan konsèy la, apre yo fin tande prèv yo epi konseye yo ki te lonmen pou pale sou ka a fini avèk remak yo.

19 Apre yo fin tande prèv yo, konseye yo, akizatè yo ak akize yo fin pale, prezidan an pral pran yon desizyon dapre konpreyansyon li genyen sou ka a, epi li pral konvoke douz konseye yo pou sanksyone moun nan avèk vòt yo.

20 Men, si rès konseye yo ki pa t pale yo, oubyen nenpòt ladan yo, apre yo fin tande dekla-

^{9a} GE Revelasyon.
^b GE Soutni dirijan

legliz yo.
^{16a} GE Jistis.

rasyon yo, epi apre yo fin plede san patipri, si yo ta dekouvri yon erè nan desizyon prezidan an, yo kapab fè konnen sa, epi ka a pral retounen nan jijman.

21 Epi si apre yon bon chitatannde, nenpòt limyè adisyonèl klere ka a, desizyon an ap chanje poutèt sa.

22 Men, nan ka pa gen okenn limyè adisyonèl, premye desizyon an ap rete, majorite konsèy la gen pouvwa pou decide sa.

23 Nan ka gen difikilte sou zafè “doktrin ak prensip, si pa gen ase ki ekri pou rann ka a klè nan panse konsèy la, prezidan an kapab mande pou l konnen panse Senyè a pa mwayen ^brevelasyon.

24 Gran prèt yo, lè yo lwen, yo gen pouvwa pou yo fè apèl epi pou yo òganize yon konsèy daprè menm fason sa a, pou yo rezoud difikilte, lè pati yo oubyen nenpòt ladan ta mande sa.

25 Epi konsèy gran prèt ki sou kesyon an pral gen pouvwa pou yo chwazi youn pami yo menm pou prezide sou konsèy sa a pou lè sa a.

26 Se ap devwa konsèy ki sou kesyon an pou l remèt imedyatman, yon kopi pwosè vèbal yo a, avèk yon deklarasyon konplè sou temwayaj yo ki akonpaye avèk desizyon yo, pou gran konsèy ki sou fotèy Premye Prezidans Legliz la.

27 Si nenpòt pati yo oubyen nenpòt ladan yo pa ta satisfè avèk desizyon konsèy ki sou kesyon an, yo kapab fè demand nan devan gran konsèy ki sou

fotèy Premye Prezidans Legliz la, pou yon lòt chitatannde, epi ka sa a pral kondi daprè premye modèl ki te ekri a, kòm si okenn desizyon konsa pa t pran.

28 Yo dwe rele Konsèy gran prèt sa a ki lwen an pou ka ki pi “difisil nan zafè legliz la: epi okenn jijman òdinè oubyen senfo pa dwe bay okazyon pou rele yon konsèy konsa.

29 Gran prèt lwen k ap vwayaje yo oubyen ki sou plas yo gen pouvwa pou yo di si se nesèsè pou rele yon konsèy konsa oubyen si se pa nesèsè.

30 Gen yon diferans ant gran konsèy oubyen gran prèt k ap vwayaje lwen, epi gran konsèy k ap “vwayaje a konpoze avèk douz ^bapot, nan desizyon yo.

31 Apre desizyon premye a, jijman an kapab refèt; men, apre desizyon dezyèm nan sa pa kapab fèt.

32 Otorite jeneral yo nan legliz la kapab rele dezyèm nan, nan ka transgresyon.

33 Rezolisyon: prezidan an oubyen prezidan yo ki sou fotèy Premye Prezidans Legliz la pral gen pouvwa pou decide si yon ka konsa, ki kapab retounen nan jijman, gen jistikasyon pou yon lòt, apre l fin egzaminen desizyon an ak prèv yo ak deklarasyon ki akonpaye l la.

34 Apre sa douz konseye yo pral kòmanse pou yo vote pou yo kapab asire yo kiyès ki dwe pale anpremye, epi rezilta a sete moun sa yo: 1, Oliver Cowdery; 2, Joseph Coe; 3, Samuel H.

23a Nonb 9:8.

^b GE Revelasyon.

28a D&A 107:78.

30a D&A 107:23–24, 35–38.

^b GE Apot.

Smith; 4, Luke Johnson; 5, John S. Carter; 6, Sylvester Smith; 7, John Johnson; 8, Orson Hyde; 9, Jared Carter; 10, Joseph Smith, papa a; 11, John Smith; 12, Martin Harris.

Aprè lapriyè konferans lan te pran fen.

OLIVER COWDERY,
ORSON HYDE,

Grefye

SEKSYON 103

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland, Ohio, 24 Fevriye 1834. Yo te resevwa revelasyon sa a apre Parley P. Pratt ak Lyman Wight te rive, yo te soti nan Missouri pou vin pran konsèy nan men Pwofèt la konsènan sekou ak retablisman Sen yo sou tè pa yo nan Konte Jackson.

1-4, *Poukisa Senyè a kite moun pèsekite Sen ki nan Konte Jackson yo; 5-10, Sen yo ap ranpòte viktwa si yo respekte kòmandman yo; 11-20, Redanmsyon Siyon pral vini avèk pouvwa, epi Senyè a prale devan pèp Li a; 21-28, Sen yo dwe rasanble nan Siyon, epi moun ki bay lavi yo pral jwenn li ankò; 29-40, Anpil nan frè yo resevwa apèl pou yo òganize Kan Siyon an epi pou yo ale nan Siyon; Yo gen pwomès viktwa si yo fidèl.*

AN verite M di nou, zanmi m yo, gade, m ap ba nou yon revelasyon ak yon kòmandman, pou nou kapab konnen kòman pou nou "aji lè n ap ranpli devwa nou konsènan sali ak ^bredanmsyon frè nou yo, ki dispèse nan peyi Siyon an;

2 Paske, men ènmi m yo te "chase yo epi bat yo, sou ènmi

sa yo m pral vide kòlè mwen san mezi nan tan pa mwen an.

3 Paske jiska prezan, m te kite yo "chaje mezi inikite yo, pou tas yo te kapab ranpli;

4 Pou moun ki pote non mwen yo kapab "chatye pou yon ti tan anba yon move chatiman ki grav, paske yo pa t ^bkoute tout presèp ak kòmandman m te ba yo.

5 Men, an verite m di nou, m pran yon dekrè ke pèp mwen an pral reyalize, toutotan yo koute, kòmanse pou kounyeya, "konsèy mwen menm Senyè Bondye yo a pral ba yo.

6 Gade yo pral fè sa, paske m dekrete sa, kòmanse gen viktwa sou ènmi m yo depi kounyeya menm.

7 Epi lè yo "koute pou yo obseve tout pawòl mwen menm Senyè Bondye yo a pral pale yo, yo p ap janm sispann gen viktwa jistan ^bwayòm yo ki nan mond

103 1a D&A 43:8.
b D&A 101:43-62.
2a D&A 101:1; 109:47.
3a Alma 14:10-11;
60:13.

4a D&A 95:1.
GE Chatye, chatiman.
b D&A 101:2; 105:2-6.
5a GE Konsèy (non).
7a D&A 35:24.

GE Obeyi, obeyisan,
obeyisans.
b Dan. 2:44.

lan soumèt anba pye m, epi m bay ^asen yo tè a pou yo ^cposede l pou tout tan.

8 Men, toutotan yo pa ^arespekte kòmandman m yo, epi yo pa koute pou yo obsève tout pawòl mwen yo, wayòm yo ki nan mond lan ap gen viktwa sou yo.

9 Paske yo te tabli pou yo yon ^alimyè pou mond lan, epi pou yo sovè lèzòm;

10 Epi toutotan yo pa sovè lèzòm, yo tankou ^asèl ki pèdi gou l, epi pou rezon sa a, yo pa bon pou anyen eksepte pou yo voye yo jete epi pou yo pilonnen anba pye lèzòm.

11 Men an verite m di nou, m dekrete pou frè nou yo ki te dispèse yo retounen nan ^apeyi eritaj yo, epi pou yo bati plas dezole ki nan Siyon yo.

12 Paske apre ^aanpil tribilasyon, jan m te di nou nan yon ansyen kòmandman an, benediksyon an vini.

13 Gade, men benediksyon m pwomèt apre tribilasyon nou yo, ak tribilasyon frè nou yo—redanmsyon nou, ak redanmsyon frè nou yo, restorasyon yo menm nan tè Siyon an, pou yo tabli, pou yo pa voye yo jete ankò.

14 Sepandan si yo sal eritaj yo a y ap voye yo jete; paske m p ap epaye yo si yo sal eritaj yo a.

15 Gade, m di nou se avèk pouvw redanmsyon Siyon an dwe vini;

16 Se poutèt sa, m ap leve yon gason pou pèp mwen an ki pral dirije yo tankou jan ^aMoyiz te dirije pitit Izrayèl yo.

17 Paske nou se pitit Izrayèl yo, epi nou fè pati nan ^adesandan Abraram yo, epi se nesèsè pou yo kondi nou soti nan esklavaj avèk pouvw, epi avèk yon ponyèt ki detire.

18 Epi menm jan yo te dirije zansèt nou yo prepyeman an, se konsa redanmsyon Siyon an dwe fèt.

19 Se poutèt sa, pa kite kè nou febli, paske m pa di nou menm jan m te di zansèt nou yo: ^aZanj mwen yo prale devan nou, men pa nan ^bprezans mwen.

20 Men, m di nou: ^aZanj mwen yo prale devan nou, epi prezans mwen tou, epi lè tan an rive nou pral ^bposede bon tè a.

21 An verite, an verite m di nou, sèvitè m nan Joseph Smith, pitit la, se avèk ^ali m te konpare sèvitè Senyè ^bjaden an te pale nan parabòl m te ba nou an.

22 Se poutèt sa, se pou sèvitè m nan Joseph Smith, pitit la, di ^afòs kay mwen an, jèn gason m yo ak moun ki gen laj mwayen yo—Rasanble tèt nou nan peyi Siyon an, sou tè m te achte

7c Dan. 7:27.

d GE Sen (non).

e D&A 38:20.

8a Mozya 1:13;

D&A 82:10.

9a 1 Ne. 21:6.

10a Mat. 5:13–16;

D&A 101:39–40.

11a D&A 101:18.

12a Apok. 7:13–14;

D&A 58:4; 112:13.

16a Egz. 3:2–10;

D&A 107:91–92.

GE Moyiz.

17a GE Abraram—

Desandan Abraram

yo;

Alyans Abraram.

19a GE Zanj yo.

b D&A 84:18–24.

20a Egz. 14:19–20.

b D&A 100:13.

21a D&A 101:55–58.

b GE Jaden Senyè a.

22a D&A 35:13–14;

105:16, 29–30.

avèk lajan kite konsakre pou mwen an.

23 Epi se pou tout legliz yo voye moun ki saj avèk lajan yo, epi pou yo ^aachte tè jan m te kòmande yo a menm.

24 Epi toutotan ènmi m yo vini kont nou pou yo pouse nou soti deyò sou bon ^atè m yo, m te konsakre kòm peyi Siyon an, sou tè pa nou yo menm apre temwayaj sa yo nou pote devan m kont yo a, nou mèt modi yo;

25 Epi nenpòt moun nou modi, m ap modi l, epi n ap vanje ènmi m yo.

26 Epi prezans mwen ap avèk nou menm lè n ap ^avanje ènmi m yo, jouk nan twazyèm ak katyèm jenerasyon moun ki rayi m yo.

27 Pèsonn pa dwe pè bay vi l pou byen mwen; paske nenpòt moun ki ^abay vi l pou byen mwen l ap jwenn li ankò.

28 Epi nenpòt moun ki pa vle bay vi l pou byen mwen li pa disip mwen.

29 Se volonte m pou sèvitè m nan ^aSidney Rigdon leve vwa l nan asanble ki nan peyi lès yo, nan prepare legliz yo pou respekte kòmandman m te bay konsènan restorasyon ak redanmsyon Siyon yo.

30 Se volonte m pou sèvitè m nan ^aParley P. Pratt ak sèvitè m nan Lyman Wight pa retounen sou tè frè yo, jiskaske yo jwenn ekip pou yo monte nan

peyi Siyon an, avèk dizèn, oubyen avèk ventèn, oubyen avèk senkantèn, oubyen avèk santèn, jistan yo jwenn yon kantite senksan nan ^bfòs kay mwen an.

31 Gade se volonte mwen; mande epi n ap resevwa; men, lèzòm ^apa toujou fè volonte m.

32 Se poutèt sa, si nou pa kapab jwenn senksan, chèche avèk dilijans pou nou kapab jwenn twasan.

33 Epi si nou pa kapab jwenn twasan, chèche avèk dilijans pou nou kapab jwenn san.

34 Men, an verite, m di nou, m ba nou yon kòmandman pou nou pa monte nan peyi Siyon an jistan nou jwenn yon santèn nan fòs kay mwen an, pou ale avèk nou nan Peyi Siyon an.

35 Se poutèt sa, jan m te di nou an, mande epi n ap resevwa; priye avèk sènsèrite pou sèvitè m nan Joseph Smith, pitit la, kapab ale avèk nou, pou l prezide nan mitan pèp mwen an, epi pou òganize wayòm mwen an sou tè ^akonsakre a, epi pou etabli pitit Siyon yo dapre lalwa ak kòmandman yo m te ba nou epi m pral ba nou.

36 Tout viktwa ak laglwa reyalize pou nou nan ^adilijans nou, fidelite nou, ak ^bpriye avèk lafwa nou.

37 Se pou sèvitè m nan Parley P. Pratt vwayaje avèk sèvitè m nan Joseph Smith, pitit la.

38 Se pou sèvitè m nan Lyman

23a D&A 42:35–36;
57:5–7; 58:49–51;
101:68–74.

24a D&A 29:7–8;
45:64–66; 57:1–2.

26a D&A 97:22.

27a Mat. 10:39;
Lik 9:24;
D&A 98:13–15;
124:54.

29a GE Rigdon, Sidney.
30a GE Pratt, Parley

Parker.
b D&A 101:55.
31a D&A 82:10.
35a D&A 84:31.
36a GE Dilijans.
b D&A 104:79–82.

Wight vwayaje avèk sèvitè m nan Sidney Rigdon.

39 Se pou sèvitè m nan Hyrum Smith vwayaje avèk sèvitè m nan Frederick G. Williams.

40 Se pou sèvitè m nan Orson Hyde vwayaje avèk sèvitè m

nan Orson Pratt, nenpòt kote sèvitè m nan Joseph Smith, pitit la, konseye yo ale, pou jwenn akonplisman kòmandman sa yo m te ba nou an a, epi kite rès la nan men m. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 104

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland, Ohio oubyen tou pre Kirtland, 23 Avril 1834, konsènan Antrepriz Ini an (gade antèt seksyon 78 ak 82). Sete pwobableman nan okazyon yon reyinyon konsèy manm Antrepriz Ini yo, ki te diskite sou bezwen tanporèl presan Legliz la te genyen yo. Yon premye reyinyon antrepriz la ki te fèt nan 10 Avril te pran rezolisyon pou òganizasyon an te disoud. Revelasyon sa a di pou yo reyòganize antrepriz la pito; yo te divize byen l yo pami manm antrepriz la kòm responsablite yo. Sou direksyon Joseph Smith, fraz “Antrepriz Ini” an te vin ranplase apre pa “Lòd Ini” nan revelasyon an.

1–10, *Sen yo ki transgrese kont lòd inifye a ap modi; 11–16, Senyè a pran swen Sen Li yo nan pwòp fason pa L; 17–18, Lalwa levanjil gouvènè swen pòv yo; 19–46, Responsablite ak benediksyon plizyè nan frè yo deziye; 47–53, Lòd ini ki nan Kirtland nan ak lòd ki nan Siyon an dwe fonksyone separeman; 54–66, Fon sakre Senyè a tabli pou enprime ekriti yo; 67–77, Fon jeneral lòd ini a dwe administre sou konsantman jeneral; 78–86, Moun ki nan lòd ini yo dwe peye tout dèt yo, epi Senyè a ap delivè yo anba esklavaj finansye.*

AN verite m di nou, zanmi m yo, m ba nou konsèy ak yon kòmandman konsènan tout pwopriyete ki pou lòd m te kòmande

pou òganize epi pou tabli a, kòm yon “lòd inifye, ak yon lòd etènèl pou benefis legliz mwen an, epi pou sali lèzòm jistan m vini—

2 Avèk pwomès ki irevokab epi ki pa chanje, pou toutotan moun m te kòmande yo rete fidèl yo kapab beni avèk anpil benediksyon;

3 Men toutotan yo pa fidèl, yo te mi pou malediksyon.

4 Se poutèt sa, toutotan kèk nan sèvitè m yo pa t respekte kòmandman nan, men, yo te vyole alyans la pa mwayen “konvwa-tiz, epi avèk move pawòl, m te modi yo avèk yon move malediksyon ki grav.

5 Paske mwen menm Senyè a m te dekrete nan kè mwen, toutotan yo jwenn yon nonm ki nan

lòd la kòm yon transgresè, oubyen otreman, ki vyole alyans ki lye w la, l ap modi epi l ap pyetinite anba moun mwen vle;

6 Paske mwen menm Senyè a, moun pa dwe "moke m nan bagay sa yo—

7 Epi tout bagay sa yo pou inosan ki nan pami nou yo pa kondane avèk enjis yo; epi pou koupab ki gen pami nou yo pa chape; paske mwen menm Senyè a, m te pwomèt nou yon "kouwòn laglwa bò kote dwat mwen.

8 Se poutèt sa, toutotan yo jwenn nou kòm transgresè, nou p ap kapab chape anba kòlè mwen nan vi nou.

9 Toutotan nou "retranche poutèt transgresyon, nou pa kapab chape anba ^btouman "Satan jouk nan jou redanmsyon an.

10 Epi kounyeya, m ba nou pouvwa depi kounyeya menm, pou si nou jwenn nenpòt moun pami nou ki nan lòd la kòm transgresè, epi ki pa repanti pou mal la, pou nou livre l anba touman Satan; epi li p ap gen pouvwa pou l "fè nou mal.

11 Se sa se lasajès mwen; se poutèt sa, m ba nou yon kòmandman pou nou òganize tèt nou epi pou nou tabli chak moun nan "responsablite l;

12 Pou chak moun kapab ban

mwen yon rapò sou responsablite yo te ba li a.

13 Paske li nesesè pou mwen menm Senyè a ta fè chak òm gen "responsablite, kòm yon ^bentandan sou benediksyon terès m te fè yo epi m te prepare pou kretyati m yo.

14 Mwen menm Senyè a, m te etann syèl la, epi m te "bati tè a, travay pwòp ^bmen pa mwen; epi tout bagay ki ladan l se pa m.

15 Epi se objektif mwen pou m pran swen sen mwen yo, paske tout bagay pou mwen.

16 Men, sa dwe fèt nan "fason pa m; epi, gade, se fason mwen menm, Senyè a, m te dekrete pou m pran swen sen mwen yo, ^bpòv yo pral egzalte, nan fason moun rich yo pral diminye.

17 Paske "tè a ranpli, epi gen ase pou pataje; wi, m te prepare tout bagay, epi m te akòde pitit lèzòm pou yo ^bajan pou tèt pa yo.

18 Se poutèt sa, si nenpòt moun pran nan "abondans m te kreye a, epi l pa pataje pòsyon pa li a, dapre ^blalwa levanjil mwen an, bay "pòv yo ak moun ki nan nesite yo, li pral, avèk mechan yo, leve je li nan "lanfè, pandan li nan touman.

19 Epi kounyeya, an verite m di nou, konsènan pwopriyete yo ki nan "lòd la—

20 Se pou sèvitè m nan, Sidney

6a Gal. 6:7-9.

7a Eza. 62:3; D&A 76:56.

GE Glwa.

9a GE Ekskominikasyon.

b D&A 82:21.

c GE Dyab.

10a D&A 109:25-27.

11a D&A 42:32.

GE Entandan,

entandans.

13a GE Responsab,

responsablite.

b D&A 72:3-5, 16-22.

14a Eza. 42:5; 45:12.

GE Kreyasyon, kreye.

b Sòm 19:1; 24:1.

16a D&A 105:5.

GE Antrèd.

b 1 Sam. 2:7-8;

Lik 1:51-53; D&A 88:17.

17a D&A 59:16-20.

GE Tè.

b GE Lib abit.

18a Lik 3:11; Jak 2:15-16.

b D&A 42:30.

c Pwov. 14:21;

Mozya 4:26;

D&A 52:40.

d Lik 16:20-31.

19a GE Lòd ini.

Rigdon pran pou tèt pa l kote li abite kounyeya, ak lokasyon pou tannen po bèt yo kòm responsablite l, pou sipò li pandan l ap travay nan jaden m nan, dapre volonte m, lè m kòmande l.

21 Epi se pou tout bagay fèt dapre konsèy lòd la, ak konsantman inifye oubyen vwa lòd la, ki rete nan peyi Kirtland lan.

22 Epi se responsablite ak benediksyon sa a, mwen menm Senyè a, m konfere sou sèvitè m nan, Sidney Rigdon kòm yon benediksyon sou li, epi sou desandan li yo apre li;

23 Epi m ap multipliyè benediksyon sou li, toutotan li gen imilite devan mwen.

24 Epi ankò, se pou sèvitè m nan Martin Harris pran pou tèt pa l, sou entandans li, moso tè sèvitè m nan John Johnson te resevwa lè l te twoke premye eritaj li a, pou li ak jenerasyon li yo apre li;

25 Epi toutotan li fidèl, m ap multipliyè benediksyon sou li epi sou desandan li yo apre li;

26 Epi se pou sèvitè m nan, Martin Harris konsakre lajan l yo pou pwoklame pawòl mwen yo, dapre fason sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, dirije.

27 Epi ankò, se pou sèvitè m nan, Frederick G. Williams pran plas kote li abite kounyeya.

28 Epi se pou sèvitè m nan, Oliver Cowdery, pran tè ki lonje kote kay la, ki dwe vin tounen ofis enprimri an, ki se tè nimewo en an, tè kote papa l rete a.

29 Epi se pou sèvitè m yo, Frederick G. Williams ak Oliver

Cowdery pran ofis enprimri an ak tout bagay ki ladan l.

30 Epi se pral entandans ki pral sou do yo.

31 Epi toutotan yo fidèl, gade m ap beni yo epi m ap multipliyè benediksyon sou yo.

32 Epi se kòmansman entandans m ba yo, pou yo ak desandan yo apre yo.

33 Epi, toutotan yo fidèl, m ap multipliyè benediksyon sou yo ak desandan yo apre yo, wi anpil anpil benediksyon.

34 Epi ankò, se pou sèvitè m nan, John Johnson pran kay kote l rete a, ak eritaj la, tout nèt eksepte tè ki te rezève pou "bati kay mwen yo, ki fè pati nan eritaj sa a, ak tè yo ki te dedye pou sèvitè m nan, Oliver Cowdery.

35 Epi toutotan li fidèl, m ap multipliyè benediksyon sou li.

36 Epi se volonte m pou l vann tè yo te mete apa pou vil moun sen mwen yo, toutotan "vwa Lespri a fè l konn sa, epi dapre konsèy lòd la, epi avèk vwa lòd la.

37 Epi se kòmansman entandans m ba li, kòm yon benediksyon pou li ak desandan li yo apre li.

38 Epi toutotan li fidèl, m ap multipliyè yon pakèt benediksyon sou li.

39 Epi ankò, se pou sèvitè m nan, "Newel K. Whitney pran kay yo ak tè yo kote l abite a, ak tè ak kay kote tablisman pou komès la kanpe a, ak tè ki nan kwen sid tablisman komès la, ak tè kote fondri a ye a.

40 Epi tout bagay sa yo m bay sèvitè m nan, Newel K. Whitney kòm entandans li, kòm yon benediksyon sou li epi sou desandan li yo apre li, pou benefis tablisman pou komès pou lòd mwen an m te tabli a, pou pye mwen an nan peyi Kirtland nan.

41 Wi, an verite, se entandans m bay sèvitè m nan, N. K. Whitney, sa vle di tout tablisman pou komès sa a, li menm ak “ajan li yo, ak desandan li yo apre li.

42 Epi toutotan li fidèl nan respekte kòmandman m yo m ba li yo, m ap multipliyè benediksyon sou li ak desandan l yo apre li, sa vle di yon pakèt benediksyon.

43 Epi ankò, se pou sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, pran tè yo te mete apa pou kay mwen an, ki gen karant mèt nan longè ak douz nan lajè, ak eritaj kote papa l abite kounyeya;

44 Epi se kòmansman entandans m ba li, kòm yon benediksyon sou li epi sou papa l.

45 Paske gade, m rezève yon eritaj pou “papa l, pou sipò li; se poutèt sa y ap rekonèt li nan kay Joseph Smith, pitit la, sèvitè m nan.

46 Epi m ap multipliyè benediksyon sou kay sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, sa vle di yon pakèt benediksyon.

47 Epi kounyeya, m ap ba nou yon kòmandman konsènan

Siyon, pou nou pa mare ansanm avèk frè nou yo ki nan Siyon an ankò kòm yon lòd ini, poutèt rezon sa a sèlman—

48 Lè nou fin òganize, n ap rele Lòd Ini ki nan “Pye Siyon an, vil Kirtland nan. Epi lè frè nou yo fin òganize, y ap rele Lòd Inifye ki nan Vil Siyon an.

49 Epi y ap òganize nan pwòp non pa yo, nan non yo; epi yo pral mennen biznis, pa yo nan pwòp non pa yo, nan non yo.

50 Epi nou pral mennen biznis nou nan non pa nou, ak nan non pa nou.

51 Epi se sa m kòmande ki dwe fèt pou sali nou, epi pou sali yo, kòm konsekans poutèt yo te “chase yo a epi poutèt sa ki pral rive.

52 Paske yo te vyole “alyans yo pa mwayen transgresyon, nan ^bkonvwatiz ak move pawòl—

53 Se poutèt sa, nou separe kòm yon lòd inifye avèk frè nou yo, epi nou pa lye avèk yo jouk nan lè sa a, sèlman nan fason sa a, jan m te di a, pa jan lòd sa a dakò avèk konsèy li, dapre jan sikonstans ou admèt epi vwa konsèy la dirèk.

54 Epi ankò m ba nou yon kòmandman konsènan responsablite m te ba nou an.

55 Gade, tout pwopriyete sa yo se pou mwen, san sa, lafwa nou anven, epi nou se ipokrit, epi alyans nou te fè avèk mwen an fini;

56 Epi si pwopriyete yo se pou

41a D&A 84:112–113.

45a D&A 90:20.

GE Smith, Joseph,
papa a.

48a D&A 82:13; 94:1;

109:59.

GE Pye.

51a D&A 109:47.

52a GE Alyans.

b GE Konvwatè.

mwen, nou se ^aentandan; san sa ou pa entandan.

57 Men, gade m di nou, m lonmen nou kòm entandan nan kay mwen an, vrèman responsab.

58 Epi se pou rezon sa a m kòmande nou pou nou òganize tèt nou, pou nou enprime ^apawòl mwen yo, tout ekriti mwen yo, revelasyon m te ba nou yo, epi m pral ba nou tanzantan apre sa—

59 Nan objektif pou nou bati legliz mwen an ak wayòm mwen an sou tè a, epi pou pare pèp mwen an pou ^alè m pral ^brete avèk yo a, ki prèske rive.

60 Epi nou dwe prepare yon plas pou tèt pa nou kòm depatman finans, epi konsakre l nan non mwen.

61 Epi nou dwe lonmen youn pami nou pou kenbe depatman finans la, epi nou dwe òdone l pou benediksyon sa a.

62 Epi pral gen yon so sou depatman finans la, epi tout bagay sakre yo pral depoze nan depatman finans la; epi pèsonn pami nou pa dwe rele l pa li, oubyen okenn pati ladan l, paske l ap pou nou tout ansanm.

63 Epi m ba nou l depi kounyeya menm; epi kounyeya pa neglije ale epi itilize entandans m ba nou, espesyalman bagay sakre yo, nan objektif pou nou enprime bagay sakre sa yo jan m te di a.

64 Epi ^arevni bagay sakre yo pral depoze nan depatman trezò a, epi pral gen yon so sou li; epi

okenn moun pa dwe itilize l ni wete l nan depatman trezò a, ni tou so ki pral plase sou li a pa dwe defèt, eksepte pa vwa lòd la, oubyen pa kòmandman an.

65 Epi se konsa nou pral prezeve bagay sakre yo ki nan depatman trezò a, pou objektif ki sakre epi ki sen.

66 Epi yo pral rele l trezò sakre Senyè a; epi yon so pral rete sou li pou l kapab sen epi pou l kapab konsakre pou Senyè a.

67 Epi ankò, yon lòt depatman trezò pral prepare, epi yon trezorye pral chwazi pou kenbe depatman trezò a, epi yon so pral plase sou li;

68 Epi tout lajan nou resevwa nan entandans nou yo, lè nou ogmante valè pwopriyete m te ba nou yo, avèk kay, oubyen avèk tè, oubyen avèk betay, oubyen avèk tout bagay eksepte ekriti sen ki sakre yo m te rezève pou tèt pa m pou objektif ki sen epi ki sakre, mete yo nan depatman trezò a lamenm nou resevwa lajan yo, pa santèn, oubyen pa senkantèn, oubyen pa ventèn, oubyen pa dizèn, oubyen senk.

69 Ki vle di, si nenpòt moun pami nou jwenn senk dola se pou l mete l nan depatman trezò a; oubyen si l jwenn dis, oubyen ven, oubyen senkant, oubyen san, se pou l fè menm jan an;

70 Epi se pa pou okenn moun pami nou di se pa l li ye, paske se pa pou li li ye, ni okenn pati ladan l.

56a GE Entandan, entandans.

58a GE Tradiksyon

Joseph Smith (TJS).

59a GE Milenyòm.

b D&A 1:35-36; 29:9-11.

64a SVD benefis yo.

71 Epi okenn pati ladan l pa dwe itilize, ni yo pa dwe wete l nan depatman trezò a, eksepte avèk vwa epi konsantman jeneral lòd la.

72 Epi se pral vwa ak konsantman jeneral lòd la—pou si nenpòt moun pami nou di trezorye a: M bezwen bagay sa a pou ede m nan entandans mwen—

73 Si se senk dola, oubyen si se dis dola, oubyen ven, oubyen senkant, oubyen san, trezorye a ap ba li sòm li mande a pou ede l nan entandans li—

74 Jistan yo bare l kòm transgresè, epi sa manifeste byen klè devan konsèy lòd la pou pwouve li se yon enfidèl ak yon entandan ki “pa saj.

75 Men, tout tan li fratènize totalman, li fidèl epi li saj nan entandans li a, se ap mo pas li devan trezorye a epi trezorye a p ap entèdi l.

76 Men, nan ka transgresyon, trezorye a ap soumèt devan konsèy la ak vwa lòd la.

77 Epi an ka yo jwenn trezorye a kòm yon entandan enfidèl ki pa saj, l ap soumèt devan konsèy la ak vwa lòd la, epi y ap wete l nan plas li a, epi “yon lòt ap pran plas li.

78 Epi ankò, an verite m di nou, konsènan dèt nou yo—gade se volonte m pou nou “peye tout b dèt nou yo.

79 Epi se volonte m pou nou gen “imilite devan mwen, epi pou nou jwenn benediksyon sa

nan ^bdilijans nou ak imilite nou ak priyè nou ki fèt avèk lafwa.

80 Epi toutotan nou dilijan epi nou gen imilite, epi nou fè egzèsis “priyè ki fèt avèk lafwa, gade, m ap adousi kè moun nou dwe yo, jistan m voye mwayen pou nou pou delivrans nou.

81 Se poutèt sa, ekri New York rapid rapid epi ekri daprè sa “Lespri m dikte; epi m ap adousi kè moun nou dwe yo, pou sa soti nan panse nou pou yo pa pote afliksyon sou nou.

82 Epi toutotan nou gen “imilite epi nou fidèl epi nou rele non mwen, gade, m ap ba nou ^bviktwa.

83 M fè nou yon pwomès, pou nou delivre fwa sa a anba esklavaj nou an.

84 Epi toutotan nou jwenn yon chans pou nou prete lajan pa santèn, oubyen milye, menm jistan nou prete ase pou delivre nou anba esklavaj, se privilèj nou.

85 Epi ipoteke pwopriyete m te mete nan men nou yo fwa sa a sèlman, bay non nou avèk konsantman jeneral oubyen nan lòt fason jan lide nou di nou.

86 M ba nou privilèj sa a, fwa sa a; epi gade, si nou avanse pou fè bagay m plase devan nou yo, daprè kòmandman m yo, tout bagay sa yo se pou mwen, epi nou se entandan pou mwen, epi mèt la p ap kite kay li a kraze. Se konsa sa ye. Amèn.

74a Lik 16:1–12.

77a D&A 107:99–100.

78a D&A 42:54.

b GE Dèt.

79a GE Enb, imilite.

b GE Dilijans.

80a Jak 5:15.

81a GE Sentespri.

82a Lik 14:11;

D&A 67:10.

b D&A 103:36.

SEKSYON 105

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resewa, sou Rivyè Fishing, Missouri, 22 Jen 1834. Sou direksyon Pwofèt la, Sen ki te soti nan Ohio yo ak lòt zòn yo te mache al Missouri nan yon ekspedisyon ki te vin rele Kan Siyon nan apre. Objektif yo sete pou eskòte Sen yo te mete deyò nan Missouri yo pou mennen yo retounen nan peyi yo nan Konte Jackson. Moun nan Missouri ki te pèsekite Sen yo anvan yo te pè reyaksyon Kan Siyon an epi yo te kouri al atake kèk Sen ki t ap viv nan Konte Clay, nan Missouri. Apre gouvènè Missouri a te retire pwomès li te fè pou sipòte Sen yo, Joseph Smith te resewa revelasyon sa a.

1-5, *Siyon pral bati an konfòmite avèk lalwa selès; 6-13, Redanmsyon Siyon an ranwaye pou yon ti tan; 14-19, Senyè a pral mennen batay Siyon yo; 20-26, Sen yo dwe gen lasajès epi yo pa dwe vante tèt yo konsènan gran zèv lè yo rasanble; 27-30, Yo dwe achte tè nan Jackson ak nan lòt peyi alantou; 31-34, Ansyen yo dwe resewa yon dotasyon nan kay Senyè a nan Kirtland; 35-37, Sen ki aple epi ki sanktifye yo tou pral sanktifye; 38-41, Sen yo dwe leve yon anblèm lapè devan mond la.*

AN verite m di nou menm ki rasanble ansanm pou nou kapab aprann volonte mwen konsènan a ^aredanmsyon pèp aflije mwen an—

2 Gade, m di nou, si se pa t poutèt ^atransgresyon pèp mwen an, m ap pale konsènan legliz la, pa konsènan yon sèl moun, yo ta kapab deja rachte kounyeya menm.

3 Men gade, yo pa t aprann pou yo obeyisan nan bagay m

te mande yo, men, yo chaje avèk tout kalite mal, epi yo pa ^apataje byen yo, jan sen yo dwe fè, pou bay pòv yo ak moun ki aflije pami yo;

4 Epi yo pa ^aini yo daprè inyon lalwa wayòm selès la mande a;

5 Epi ^aSiyon pa kapab bati ^bsan se pa avèk prensip ^alalwa wayòm selès la; san sa m pa kapab resewa l pou tèt pa m.

6 Epi pèp mwen an dwe ^achatye jistan yo aprann ^bobeyi, si se nesèsè, avèk bagay y ap soufri yo.

7 M p ap pale konsènan moun ki chwazi pou yo dirije pèp mwen an, ki se ^apremye ansyen yo nan legliz mwen an, paske se pa yo tout ki sou kondanasyon sa a;

8 Men m ap pale konsènan legliz mwen yo ki lòt kote—gen anpil ki pral di: Kote Bondye yo a? Gade, li dwe delivre yo nan tan pwoblèm, san sa, nou p ap monte nan Siyon, epi n ap kenbe lajan nou yo.

9 Se poutèt sa, kòm konsekans

105 1a D&A 100:13.

2a D&A 104:4-5, 52.

3a Tra. 5:1-11;
D&A 42:30.

GE Konsakre, lwa

konsekrasyon.

4a D&A 78:3-7.

5a GE Siyon.

b D&A 104:15-16.

c D&A 88:22.

6a D&A 95:1-2.

GE Chatye, chatiman.

b GE Obeyi, obeyisan,
obeyisans.

7a D&A 20:2-3.

“transgresyon pèp mwen an, se nesèsè pou mwen pou ansyen mwen yo ta rete tann yon ti tan pou redanmsyon Siyon—

10 Pou yo kapab prepare pou tèt pa yo, epi pou yo kapab ansenye pèp mwen an pi byen, epi pou yo gen eksperyans, epi pou yo konnen pi byen konsènan “devwa yo, ak bagay m mande nan men yo.

11 Epi sa pa kapab reyalize jistan “ansyen mwen yo ^bdote avèk pouvwa ki soti anwo.

12 Paske gade, m prepare yon gwo dotasyon ki dwe “vide sou yo, toutotan yo fidèl epi kontinye nan imilite devan mwen.

13 Se poutèt sa se nesèsè pou mwen pou ansyen m yo ta rete tann yon tan, pou redanmsyon Siyon.

14 Paske gade, m pa mande yo pou yo mennen batay Siyon an; paske, jan m te di nan kòmandman anvan an, se konsa m ap akonpli—m ap “mennen batay nou yo.

15 Gade, m voye “destriktè a pou detwi epi pou gaspiye ènmi mwen yo; epi anpil ane p ap pase yo p ap rete pou yo sal eritaj mwen an, epi pou yo ^bblasfème non mwen sou tè m te “konsakre pou rasanble sen m yo ansanm.

16 Gade, m kòmande sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, pou l di “fòs kay mwen an, gèrye m

yo menm, jèn gason m yo, ak sa ki gen plis laj yo, pou yo reyini ansanm pou redanmsyon pèp mwen an, epi pou yo chavire tou ènmi mwen yo, epi pou yo dis-pèsè ^bsantinèl ènmi yo;

17 Men, fòs kay mwen yo pa t koute pawòl mwen yo.

18 Men toutotan genyen ki koute pawòl mwen yo, m te prepare yon benediksyon ak yon “dotasyon pou yo, si yo rete fidèl.

19 M tande priyè yo, epi m ap aksepte ofrann yo; epi se nesèsè pou mwen pou m mennen yo jouk la pou teste “lafwa yo.

20 Epi kounyeya, an verite m di nou, m ba nou yon kòmandman, tout moun ki te monte isit la, ki kapab rete nan rejyon alantou yo, se pou yo rete;

21 Epi moun ki pa kapab rete yo, ki gen fanmi yo nan lès la, se pou yo rete pou yon ti tan, toutotan sèvitè m nan, Joseph vle dirije yo;

22 Paske m ap konseye l konsènan sijè sa a, epi tout direksyon pou li ba yo akonpli.

23 Epi se pou tout pèp mwen yo ki nan rejyon alantou yo fidèl anpil, pou yo priye, pou yo gen imilite devan mwen, epi pou yo pa revele bagay m te revele yo, jistan se dapre lasajès mwen pou yo revele.

24 Pa pale konsènan jijman, ni tou pa “vante tèt nou pou lafwa

9a D&A 103:4.

10a GE Devwa.

11a GE Ansyen, Èldè.

b D&A 38:32; 95:8.

GE Dotasyon.

12a D&A 110.

14a Joz. 10:12–14;

Eza. 49:25;

D&A 98:37.

15a D&A 1:13–14.

b D&A 112:24–26.

GE Blasfèm, blasfeme.

c D&A 84:3–4; 103:35.

16a D&A 101:55;

103:22, 30.

b GE Santinèl, veye.

18a D&A 110:8–10.

19a GE Lafwa.

24a D&A 84:73.

GE Lògèy.

ak gran zèv, men, rasanble an-sanm avèk pridans, toutotan li posib nan yon sèl rejyon, toujou an akò avèk pèp la;

25 Epi gade, m ap fè nou favè ak lagras devan je yo, pou nou kapab repoze nou nan ^alapè ak sekirite, pandan n ap di pèp la: Egzekite jijman ak lajistis pou nou dapre lalwa, epi korije sa nou fè mal.

26 Kounyeya, gade, m di nou, zanmi m yo, se nan fason sa a nou kapab jwenn favè devan je pèp la jistan ^alame Izrayèl la vin gran anpil.

27 Epi m ap adousi kè pèp la, jan m te fè pou kè ^aFarawon, tan-zantan, jistan sèvitè m nan, Joseph Smith, pitit la, m te tabli a, gen tan pou l rasanble fòs kay mwen an,

28 Epi pou voye moun ki ^asaj pou akonpli bagay konsènan acha tè nan Konte Jackson, tè ki kapab ^bachte yo, ak nan kontre ki alantou yo.

29 Pas se volonte m pou tè sa yo ta achte; epi apre yo fin achte pou sen yo posede yo dapre ^alwa konsekrasyon m te bay yo.

30 Epi apre tè sa yo fin achte, m ap konsidere ^alame Izrayèl la san fot lè yo pran posesyon pwòp tè pa yo, tè yo te achte anvan sa a avèk lajan pa yo, epi lè

yo chavire tou ènmi mwen yo ki sou yo, epi lè yo dispèse santinèl ènmi yo, epi yo ^bvanje m jouk nan twazyèm ak katyèm jenerasyon moun ki rayi m yo.

31 Men anvan sa, se pou lame mwen an vin gran anpil, epi se pou l ^asanktifye devan mwen, pou l kapab vin bèl tankou solèy la, epi klè tankou ^blalin nan, epi pou banyè li yo kapab vin tèrib pou tout nasyon;

32 Pou wayòm yo ki nan mond sa a kapab oblije aksepte wayòm Siyon an se gade ^awayòm Bondye nou an ak Kris li a; se pou-tèt sa, an nou vin ^bsoumèt anba lalwa li yo.

33 An verite m di nou, se nesè pou mwen pou premye an-syen yo ki nan legliz mwen an resevwa ^adotasyon ki soti anwo a nan kay mwen an, kay m te kòmande pou bati nan non mwen nan peyi Kirtland nan.

34 Epi se pou kòmandman yo m te bay konsènan Siyon ak ^alalwa li a egzekite epi se pou l akonpli, apre redanmsyon li.

35 Te gen yon jou ^aapèl, men, lè a rive pou yon jou pou chwazi; epi se pou nou chwazi moun ki ^bdiy yo.

36 Èpi vwa Lespri a pral manifeste sèvitè m nan moun ki ^achwazi yo; epi yo pral ^bsanktifye;

25a GE Lapè.

26a Jowèl 2:11.

27a Jen. 47:1–12.

28a D&A 101:73.

b D&A 42:35–36.

29a D&A 42:30.

GE Konsakre, lwa konsekrasyon; Lòd ini.

30a D&A 35:13–14;

101:55; 103:22, 26.

b D&A 97:22.

31a GE Sanktifikasyon.

b Kant. 6:10;

D&A 5:14; 109:73.

32a Apok. 11:15.

GE Wayòm Bondye oubyen wayòm syèl la.

b GE Gouvènman.

33a D&A 95:8–9.

GE Dotasyon.

34a svd D&A 42 rete

kòm “Lalwa.”

35a GE Aple, Bondye

te aple, apèl.

b GE Diy, diyite.

36a D&A 95:5.

GE Chwazi (vèb).

b GE Sanktifikasyon.

37 Epi toutotan yo suiv ^akonsèy yo resevwa, y ap gen pouvwa apre anpil jou pou yo akonpli tout bagay konsènan Siyon.

38 Epi ankò m di nou, negosye pou lapè, pa sèlman avèk moun ki te frape nou yo, men tou avèk tout moun;

39 Epi leve yon ^aanblèm ^blapè, epi fè yon pwoklamasyon lapè pou tout kwen tè a;

40 Epi fè yon pwopozisyon pou lapè bay moun ki te frape nou yo, daprè vwa Lespri a ki nan nou, epi ^atout bagay ap travay ansanm pou byen nou.

41 Se poutèt sa, nou dwe fidèl; epi gade, ^amwen avèk nou menm jiska lafen. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 106

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Kirtland, Ohio, 25 Novanm 1834. Revelasyon sa a pwente sou Warren A. Cowdery, yon gran frè Oliver Cowdery.

1-3, Warren A. Cowdery aple kòm yon ofisye prezidan lokal; 4-5, *Dezyèm vini an p ap anpòte pitit limyè yo tankou yon vòlè*; 6-8, *Gwo benediksyon vini apse sèvis fidèl nan Legliz la.*

SE volonte m pou ou chwazi epi pou òdone sèvitè m nan, Warren A. Cowdery kòm yon gran prèt prezidan sou tèt legliz mwen an, nan peyi ^alibète a ak nan rejyon alantou yo;

2 Epi pou l preche levanjil etènèl mwen an, epi pou l leve vwa l pou l avèti pèp la, pa sèlman nan plas pa li a, men, nan peyi alantou yo;

3 Epi pou l dedye tout tan l nan gran apèl sen sa a m ba li

kounyeya, pou l ^achèche ^bwayòm syèl la ak lajistis li avèk dilijans, epi tout bagay ki nesèse pral ajoute apre sa; paske ^atravayè a diy pou rekonpans li.

4 Epi ankò, an verite m di w, ^aaparisyon Senyè ^ba ap pwoche, epi l ap pran mond lan daso tankou yon ^avòlè nan nuit—

5 Se poutèt sa, mare senti w pou w kapab pitit ^alimyè, pou jou sa a pa ^bpran ou daso tankou yon vòlè.

6 Epi ankò, an verite m di w, te gen lajwa nan syèl la lè sèvitè m nan, Warren te bese devan kòmandman m yo, epi l te separe tèt li avèk fo doktrin mond lan;

7 Se poutèt sa, sèvitè m nan, Warren, beni, paske m ap gen

37a GE Konsèy (non).

39a GE Banyè.

b GE Lapè.

40a Wom. 8:28;

D&A 90:24; 100:15.

41a Mat. 28:19-20.

106 1a svd vil Freedom,

New York, ak

zanviron yo.

3a Mat. 6:33.

b GE Wayòm

Bondye oubyen

wayòm syèl la.

c Mat. 10:10;

D&A 31:5.

4a Jak 5:8.

b GE Dènye jou yo.

c 1 Tes. 5:2.

5a GE Limyè, limyè Kris.

b Apok. 16:15.

mizèrikòd pou li; epi, malgre ^avanite ki nan kè li, m ap leve l toutotan li gen imilite devan mwen.

8 Epi m ap ba li ^alagras ak asirans kote pou l kapab kanpe; epi

si l kontinye kòm yon temwen fidèl ak yon limyè pou legliz la, m ap prepare yon kouwòn pou li nan ^bkay Papa m yo. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 107

Revelasyon sou prèttriz la, Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Kirtland, Ohio, nan zòn Avril 1835. Malgre seksyon sa a te ekri an 1835, rejis istorik yo afime ke pifò nan vèsè 60 rive nan 100 yo enkòpore yon revelasyon Joseph Smith te resevwa 11 Novanm 1831. Seksyon sa a te asosye avèk òganizasyon Kolèj Douz Apot yo an Fevriye ak Mas 1835. Pwofèt la te siman delivre l nan prezans moun ki t ap prepare pou yo pati nan 3 Mas 1835 yo, pou premye misyon kolèj yo a.

1–6, *Gen de prèttriz: Mèlkisedèk la ak Aawon an; 7–12, Moun ki gen Prèttriz Mèlkisedèk yo gen pouwa pou yo ofisye nan tout ofis ki nan Legliz la; 13–17, Episkopa a prezide sou Prèttriz Aawon an, ki administrateur nan òdonans preliminè yo; 18–20, Prèttriz Mèlkisedèk la gen kle tout benediksyon espiyèl yo; Prèttriz Aawon an gen kle administrasyon zanj yo; 21–38, Premye Prezidans la, Douz yo, ak Swasanndis yo se kowòm k ap prezide yo, ki dwe pran desizyon nan inite ak lajistis; 39–52, Lòd patriyikal la tabli depi nan Adan jouk nan Noye; 53–57, Ansyen Sen yo te rasanble nan Adan-ondi-Aman, epi Senyè a te parèt devan yo; 58–67, Douz yo dwe mete ofisye yo ki nan Legliz la nan lòd; 68–76, Evèk yo sèvi kòm jij regilye nan Izrayèl; 77–84, Premye Prezidans*

la ak Douz yo se pi gran tribinal nan Legliz la; 85–100, Prezidan prèttriz yo gouvènè pwòp kowòm pa yo.

GEN de prèttriz nan legliz la, ki rele ^aMèlkisedèk ak ^bAawon, ki gen Prèttriz Levitik la tou.

2 Poukisa premye a rele Prèttriz ^aMèlkisedèk se paske Mèlkisedèk te tèlman yon gran prèt ekstradòdinè.

3 Anvan epòk li a li te rele Prèttriz Sen an, dapre ^alòd Pitit Gason Bondye a.

4 Men, pa respè oubyen ^areverans pou non Èt Siprèm nan, pou evite repetisyon non li twò souvan, yo, legliz la ki nan ansyen tan an, te rele prèttriz sa a dapre non Mèlkisedèk, oubyen Prèttriz Mèlkisedèk la.

5 Tout lòt otorite oubyen ofis ki

7a GE Anven, vanite.

8a GE Gras.

b Jan 14:2; Etè 12:32–34; D&A 59:2; 76:111; 81:6; 98:18.

107 1a GE Prèttriz Mèlkisedèk.

b GE Prèttriz Aawon an.

2a TJS Jen. 14:25–40 (Apendis);

D&A 84:14.

GE Mèlkisedèk.

3a Alma 13:3–19;

D&A 76:57.

4a GE Reverans.

nan legliz la se yon “branch nan prèttriz sa a.

6 Men, gen de divizyon oubyen gran tèt—youn se Prèttriz Mèlkisedèk la, epi lòt la se Aawon an oubyen “Prèttriz Levitik la.

7 Ofis yon “ansyen vini sou prèttriz Mèlkisedèk la.

8 Prèttriz Mèlkisedèk la kenbe dwa prezidans la ak pouvwa epi ak “otorite sou tout ofis ki nan legliz la depi tout tan nan mond lan, pou administre nan zafè espiritiyèl.

9 “Prezidans Gran Prèttriz la, dapre lòd Mèlkisedèk, gen dwa pou l ofisyè nan tout ofis ki nan legliz la.

10 “Gran prèt dapre lòd Prèttriz Mèlkisedèk gen ^bdwa pou yo ofisyè pou kont yo, sou dirèksyon prezidans la, pou yo administre bagay espiritiyèl, epi nan ofis ansyen, prèt (dapre lòd Levitik), enstriktè, dyak, ak manm.

11 Yon ansyen gen dwa ofisyè nan plas li lè gran prèt la pa prezan.

12 Gran prèt la ak ansyen an dwe administre nan bagay espiritiyèl, ki an akò avèk alyans ak kòmandman legliz la; epi yo gen dwa pou yo ofisyè nan tout ofis sa yo ki nan legliz la lè pa gen okenn pi gran otorite prezan.

13 Dezyèm prèttriz la rele “Prèttriz Aawon, paske li te konfere

sou ^bAawon ak desandan li yo, nan tout jenerasyon yo.

14 Poukisa li rele pi piti prèttriz la se paske se yon “branch nan pi gran an, oubyen Prèttriz Mèlkisedèk la, epi li gen pouvwa pou administre nan òdonans tanporèl yo.

15 “Episkopa a se prezidans prèttriz sa a, epi li kenbe kle ak otorite prèttriz sa a.

16 Pèsonn pa gen dwa legal nan ofis sa a, pou kenbe kle prèttriz sa a, eksepte si li se yon “desandan literal Aawon.

17 Men, kòm yon gran prèt nan Prèttriz Mèlkisedèk la, li gen otorite pou ofisyè nan tout ofis ki pi piti yo, li kapab ofisyè nan ofis evèk la lè yo pa kapab jwenn okenn desandan dirèk Aawon, depi li aple, epi yo mete li apa, epi yo “òdone li nan pouvwa sa a anba men ^bPrezidans Prèttriz Mèlkisedèk la.

18 Pouvw ak otorite pi gran an, oubyen Prèttriz Mèlkisedèk la, se pou l kenbe “kle tout benediksyon espiritiyèl ki nan legliz la—

19 Pou l gen privilèj pou resevwa “mistè wayòm syèl la, pou gen syèl la ouvè devan yo, pou kominike avèk asanble ^bjeneral legliz Premyene a, epi pou jwi kominikasyon ak prezans Bondye ki Papa a ak Jezi ki se “medyatè nouvo alyans la.

5a D&A 84:29; 107:14.

6a Det. 10:8–9.

7a GE Ansyen, Èldè.

8a GE Otorite.

9a D&A 81:2;

107:22, 65–67, 91–92.

10a GE Gran prèt.

b D&A 121:34–37.

13a GE Prèttriz Aawon an.

b GE Aawon, frè

Moyiz la.

14a D&A 20:52; 107:5.

15a GE Evèk.

16a D&A 68:14–21;

107:68–76.

17a GE Òdinasyon, òdone.

b D&A 68:15.

18a GE Kle prèttriz la.

19a Alma 12:9–11;

D&A 63:23; 84:19–22.

GE Mistè Bondye yo.

b Ebre 12:22–24.

c GE Medyatè.

20 Pouvwwa ak otorite pi piti a, oubyen Prètriz Aawon an, se pou l kenbe “kle ministè zanj yo, epi pou administre nan ^bòdonans tanporèl yo, lèt levanjil la nan fòm li, ^cbatèm repantans pou ^dpadon peche, ki an akò avèk alyans ak kòmandman yo.

21 Akoz nesosite, gen prezidan oubyen ofisyè prezidan k ap grandi oubyen ki chwazi pami moun ki òdone nan diferan ofis ki nan de prètriz sa yo.

22 Nan “Prètriz Mèlkisedèk la, genyen twa ^bPrezidan Gran Prèt, ke yo chwazi epi yo òdone nan ofis sa a, epi ^ckonfyans, ak lafwa, ak priyè legliz la soutni yo pou yo fòme kowòm Prezidans Legliz la.

23 “Douz konseye k ap vwayaje yo aple kòm Douz ^bApot, oubyen temwen espesyal non Kris la nan tout mond lan—konsa yo diferan avèk lòt ofisyè ki nan legliz la nan dewva apèl yo.

24 Epi yo fòme yon kowòm ki egal nan otorite ak pouvwwa avèk twa prezidan nou te mansyone anvan yo.

25 “Swasanndis yo aple pou preche levanjil la tou, epi pou yo temwen espesyal pou janti yo nan tout mond lan—konsa yo diferan avèk lòt ofisyè ki nan legliz la nan dewva apèl yo.

26 Epi yo fòme yon kowòm ki egal nan otorite avèk Douz

temwen espesyal oubyen Apot nou te fèk site yo.

27 Epi chak desizyon nenpòt nan kowòm sa yo pran, dwe fèt avèk vwa jeneral kowòm sa a; ki vle di chak manm nan chak kowòm dwe dakò avèk desizyon kowòm yo, pou yo kapab pran desizyon pa yo nan menm pouvwwa oubyen validite youn avèk lòt—

28 Yon majorite kapab fòme yon kowòm lè sikonstans rann li enposib pou sa fèt lòt jan—

29 Si se pa konsa, desizyon yo p ap resevwa menm benediksyon avèk desizyon yon kowòm ki gen twa prezidan nan ansyen tan, ki te òdone dapre lòd Mèlkisedèk, epi ki te moun jis ak sen.

30 Desizyon kolèj sa yo, oubyen nenpòt ladan yo, dwe fèt nan tout “jistis, nan sentete, ak imilite nan kè, jantiman epi avèk akò, ak lafwa, ak ^bvèti, ak konesans, tanperans, pasyans, jantiyès fratènèl ak charite;

31 Paske pwomès la di, si bagay sa yo fè abondans nan yo, yo p ap “manke fwi nan konesans Senyè a.

32 Epi nan ka nenpòt nan desizyon kowòm sa yo fèt nan enjistis, sa kapab prezante devan yon asanble jeneral plizyè kowòm, ki fòme otorite espirityèl legliz la; san sa, pèsonn pa kapab kontrekare desizyon yo a.

33 Douz yo se Prezidan Gran

20a D&A 13; 84:26–27.

b GE Òdonans yo.

c GE Batèm, batize.

d GE Remisyon peche yo.

22a GE Prètriz Mèlkisedèk.

b D&A 90:3, 6; 107:9, 65–67, 78–84, 91–92.

c GE Soutni dirijan legliz yo.

23a D&A 107:33–35.

b GE Apot.

25a GE Swasanndis.

30a D&A 121:36.

GE Jis, jistis.

b D&A 121:41.

GE Vèti.

31a 2 Pyè 1:5–8.

Konsèy k ap vwayaje, kòm ofisyè nan non Senyè a, sou direksyon Prezidans Legliz la, anakò avèk enstitisyon syèl la; pou bati legliz la, epi pou regularize tout zafè legliz la nan tout nasyon, premyèman pou ^aJanti yo epi dezyèmman pou Juif yo.

34 Swasanndis yo dwe aji nan non Senyè a, sou direksyon ^aDouz yo oubyen gran konsèy k ap vwayaje yo, pou bati legliz la epi pou regularize tout zafè legliz la nan tout nasyon, premyèman pou Janti yo epi apre sa pou Juif yo.

35 Nou voye Douz yo, ki gen kle yo, pou louvri pòt la pa mwayen pwoklamasyon levanjil Jezikri a, premyèman pou Janti yo epi apre sa pou Juif yo.

36 ^aGran konsèy ki kanpe nan pye Siyon yo fòme yon kowòm ki egal nan otorite nan zafè legliz la, nan tout desizyon yo, avèk kowòm prezidans la, oubyen avèk gran konsèy k ap vwayaje yo.

37 Gran konsèy ki nan Siyon yo fòme yon kowòm ki egal nan otorite nan zafè legliz yo, nan tout desizyon yo, avèk konsèy douz ki nan pye Siyon yo.

38 Se devwa gran konsèy k ap vwayaje yo pou rele ^aSwasanndis yo, lè yo bezwen asistans, pou ranpli diferan apèl pou preche epi pou administre levanjil la, nan plas nenpòt lòt.

39 Se devwa Douz yo, nan tout

gwo branch nan legliz la, pou yo òdone minis nan ^alevanjil la, jan revelasyon deziye yo ba yo—

40 Lòd prèttriz sa a te konfime pou yo pase l desann soti nan papa ale nan pitit gason, epi li se dwa desandan literal ki te chwazi yo, ki te resevwa pwomès la.

41 Lòd sa a te tabli nan epòk ^aAdan an, epi l te desann nan ^bliyaj desandans nan fason sa a:

42 Depi nan Adan jouk nan Sèt, ^aSèt Adan te òdone nan laj swasantnevan a, epi Adan te beni l twazan anvan Adan te mouri a, epi papa l te ba l pwomès Bondye a, pou Senyè a chwazi posterite li a, pou yo prezève jouk nan finisman tè a;

43 Paske Sèt te yon nonm ^apafè, epi ^bresanblans li te tèlman resanblans ekzat papa l, li sanble l te tankou papa l nan tout bagay, epi se sèlman laj li ki te kapab distenge l avèk papa l.

44 Enòs te òdone nan laj santrankatran kat mwa anba men papa l, Adan.

45 Bondye te rele Kenan nan dezè a nan karantye ane laj li; epi li te rankontre Adan pandan l t ap vwayaje nan kote ki rele Chedolamak la. Li te gen laj katrevensèt ane lè l te resevwa òdinasyon l.

46 Maaleyèl te gen laj kat san katreven sèz ane sèt jou lè l te òdone anba men papa l, Adan ki te beni l tou.

33a 1 Ne. 13:42;
3 Ne. 16:4–13;
D&A 90:8–9.
34a D&A 112:21.
36a GE Gran Konsèy.

38a GE Swasanndis.
39a GE Evanjelis;
Patriyach, patriyakal.
41a GE Adan.
b Jen. 5;

D&A 84:6–16;
Moyiz 6:10–25.
42a GE Sèt.
43a GE Pafè.
b Jen. 5:3.

47 Jarèd te gen laj desan ane lè l te òdone anba men Adan, ki te beni l tou.

48 “Enòk te gen laj vent senk ane lè l te òdone anba men Adan; epi li te gen swasant senk ane lè Adan te beni l.

49 Epi l te wè Senyè a, epi l te mache avèk li, epi l te devan fas li tout tan; epi l te “mache avèk Bondye pandan twasan swasanssenkan, ki te fè l katantrant ane laj lè l te ^btranspòte.

50 “Metichèla te gen laj santan lè l te òdone anba men Adan.

51 Lamèk te gen laj trannde ane lè l te òdone anba men Sèt.

52 “Noye te gen laj dizan lè l te òdone anba men Metichèla.

53 Twazan anvan lanmò Adan, li te rele Sèt, Enòs, Kenan, Maa-leyèl, Jarèd, Enòk, ak Metichèla, yo tout te “gran prèt, avèk rès posterite li a ki te jis, nan vale ^bAdan-ondi-Aman an, epi se la li te devèse sou yo dènye benediksyon li a.

54 Epi Senyè a te parèt devan yo, epi yo te leve epi yo te beni “Adan, epi yo te rele l ^bMichèl, prens la, akanj la.

55 Epi Senyè a te administre rekonfò sou Adan, epi l te di l: m tabli ou pou ou alatèt; yon gran kantite nasyon pral soti nan ou, epi ou se yon “prens sou tèt yo pou tout tan.

56 Epi Adan te kanpe nan mi-

tan asanble a; epi malgre l te koube anba laj, paske l te ranpli avèk Sentespri a, li te “predi tout bagay ki ta pral rive posterite li a nan dènye jenerasyon an.

57 Tout bagay sa yo te ekri nan liv Enòk la, epi moun dwe temwaye sou yo lè tan an rive.

58 Se devwa “Douz yo tou, pou yo ^bòdone epi pou yo mete tout lòt ofisye yo ki nan legliz la nan lòd, anakò avèk revelasyon ki di:

59 Pou legliz Kris la ki nan peyi Siyon an, adisyone avèk “lalwa legliz la ki gen rapò avèk zafè legliz la—

60 Senyè tout Lame yo di, an verite, m di nou, dwe gen “prezidan ansyen pou prezide sou moun ki nan ofis ansyen yo;

61 Ak prèt pou prezide sou moun ki nan ofis “prèt yo;

62 Ak enstriktè pou “prezide sou moun ki nan ofis enstriktè yo, menm jan avèk sou dyak yo—

63 Se sa ki fè, depi nan dyak jouk nan enstriktè, epi depi nan enstriktè jouk nan prèt, epi depi nan prèt jouk nan ansyen, tout kantite yo lonmen, daprè alyans ak kòmandman legliz la.

64 Apre sa se Gran Prètriz la, ki pi gran pase tout lòt.

65 Se sa ki fè, se nesèsè pou yo lonmen youn nan Gran Prètriz la pou prezide sou prètriz la, epi yo dwe rele l Prezidan Gran Prètriz Legliz la;

48a GE Enòk.

49a Jen. 5:22;
Ebre 11:5;
Moyiz 7:69.

b GE Èt anlve.

50a GE Metichèla.

52a GE Noye, patriyach biblik.

53a GE Gran prèt.

b D&A 78:15; 116.

GE Adan-ondi-Aman.

54a D&A 128:21.

GE Adan.

b GE Michèl.

55a D&A 78:16.

56a Moyiz 5:10.

58a GE Apot.

b GE Òdinasyon,
òdone.

59a D&A 43:2-9.

60a D&A 107:89-90.

61a D&A 107:87.

62a D&A 107:85-86.

66 Oubyen, ki vle di, Gran Prèt k ap "Prezide sou Gran Prètriz Legliz la.

67 Se nan menm l administrasyon òdinans yo ak benediksyon sou legliz la vini tou, anba "enpozisyon men.

68 Se sa ki fè, ofis evèk la pa egal avèk li; paske ofis "evèk la se administrasyon tout bagay tanporèl;

69 Sepandan se nan "Gran Prètriz la yo dwe chwazi yon evèk, eksepte si li se yon ^bdesandan literal Aawon;

70 Paske si li pa yon desandan literal Aawon, li pa kapab gen kle prètriz sa a.

71 Sepandan, yo kapab mete yon gran prèt ki dapre lòd Mèlkisedèk apa pou administrasyon zafè tanporèl, paske Lespri verite a ba li yon konesans konsènan bagay sa yo;

72 Epi tou pou l kapab yon "jij an Izrayèl, pou fè travay legliz la, pou chita nan jijman kont transgresè yo dapre temwayaj jan l prezante devan l dapre lalwa yo, pa mwayen asistans konseye li te chwazi yo oubyen li pral chwazi pami ansyen yo ki nan legliz la.

73 Se devwa yon evèk ki pa desandan literal Aawon, men, ki òdone nan Gran Prètriz la dapre lòd Mèlkisedèk.

74 Konsa, l ap yon jij, sa vle di yon jij òdinè pami abitan Siyon yo, oubyen nan yon pye Siyon, oubyen nan nenpòt branch ki

nan legliz la kote yo mete l apa pou ministè sa a, jistan fwontyè Siyon yo laji epi sa vin nesèsè pou gen lòt evèk yo oubyen lòt jij yo nan Siyon oubyen lòt kote yo.

75 Epi toutotan gen lòt evèk yo ki lonmen, yo dwe aji nan menm ofis la.

76 Men, yon desandan literal Aawon gen dwa legal nan prezidans prètriz la, nan "kle ministè sa a, pou aji nan ofis evèk avèk endepandans, san konseye, eksepte nan ka kote yon Prezidan Gran Prètriz dapre lòd Mèlkisedèk la anba jijman, pou l chita kòm yon jij an Izrayèl.

77 Epi desizyon nenpòt nan konsèy sa yo, an akò avèk kòmandman ki di:

78 Ankò, an verite, m di nou, zafè ki pi enpòtan nan legliz la, epi ka ki pi "difisil yo nan legliz la, toutotan pa gen satisfaksyon nan desizyon evèk la oubyen jij yo, yo dwe remèt sa nan men konsèy legliz la, devan ^bPrezidans Gran Prètriz la.

79 Epi Prezidans konsèy Gran Prètriz la ap gen pouvwa pou l aple yon lòt gran prèt, menm douz, pou asiste kòm konseye; epi konsa Prezidans Gran Prètriz la ak konseye l yo ap gen pouvwa pou deside sou temwayaj dapre lalwa legliz la.

80 Epi apre desizyon sa a, sa p ap janm parèt ankò devan Senyè a; paske se pi gran konsèy nan legliz Bondye a, epi se yon

66a D&A 107:9, 91-92.

GE Prezidan.

67a GE Men, Enpozisyon.

68a GE Evèk.

69a GE Prètriz Mèlkisedèk.

b D&A 68:14-24;

84:18; 107:13-17.

72a D&A 58:17-18.

76a GE Kle prètriz la.

78a D&A 102:13, 28.

b D&A 68:22.

desizyon final sou deba nan zafè espiritiyèl.

81 Pa gen okenn moun ki manm legliz la ki egzante devan konsèy sa a ki nan legliz la.

82 Epi toutotan yon Prezidan Gran Prètriz la transgrese, li dwe parèt devan konsèy òdinè legliz la, ki pral gen asistans douz konseye nan Gran Prètriz la;

83 Epi desizyon yo sou tèt l ap mete fen nan deba konsènan li a.

84 Konsa, pèsonn p ap egzante anba "lajistis ak lalwa Bondye, pou tout bagay kapab fèt nan lòd epi solanèlman devan li, dapre verite ak lajistis.

85 Epi ankò, an verite m di nou, devwa yon prezidan nan tèt yon ofis "dyak se pou l prezide sou tèt douz dyak, pou l chita nan konsèy avèk yo, epi pou l ^banseye yo devwa yo, pou edifye youn lòt, jan yo resevwa dapre alyans yo.

86 Epi devwa yon prezidan nan tèt yon ofis "enstriktè se pou l prezide sou tèt vennkat enstriktè, epi pou l chita nan konsèy avèk yo, pou l ansenye yo devwa ofis yo, jan yo resevwa nan alyans yo.

87 Epi tou devwa yon prezidan nan tèt Prètriz Aawon an se pou l prezide sou tèt kanran-tuit "prèt, pou l chita nan konsèy avèk yo, pou l ansenye yo

devwa ofis yo, jan yo resevwa nan alyans yo—

88 Prezidan sa a dwe yon "evèk; paske se youn nan ofis prètriz sa a.

89 Ankò, devwa yon prezidan nan tèt yon ofis "ansyen se pou l prezide sou tèt katreven-sès ansyen, pou l chita nan konsèy avèk yo, epi pou l ansenye yo dapre alyans yo.

90 Prezidans sa a se youn ki separe nèt avèk yon prezidans swasanndis, epi li fèt pou moun ki p ap "vwayaje nan tout mond lan.

91 Epi ankò devwa Prezidan ofis Gran Prèt la se pou l "prezide alatèt tout legliz la, epi pou l tankou ^bMoyiz—

92 Gade, men lasajès; wi, pou l yon "vwayan, yon ^brevelatè, epi yon "pwofèt, paske li gen tout "don Bondye yo, Bondye devèse sou tèt legliz la.

93 Epi se dapre vizyon ki montre lòd "Swasanndis yo, pou yo gen sèt prezidan pou prezide sou tèt yo, ki chwazi nan mitan swasanndis yo;

94 Epi setyèm prezidan ki sou tèt prezidan sa yo dwe prezide sou tèt sis yo;

95 Epi sèt prezidan sa yo dwe chwazi lòt swasanndis apa premye swasanndis gwoup pa yo a, epi yo dwe prezide sou tèt yo;

96 Epi tou lòt swasanndis, jouk nan sèt fwa swasanndis, si

84a GE Jistis.

85a GE Dyak.

b D&A 38:23;
88:77-79, 118.

86a D&A 20:53-60.

GE Enstriktè,
Prètriz Aawon.

87a GE Prèt, prètriz

Aawon.

88a GE Evèk.

89a GE Ansyen, Èldè.

90a D&A 124:137.

91a D&A 107:9, 65-67.

b D&A 28:2; 103:16-21.

92a Mozya 8:13-18.

GE Vwayan.

b GE Revelasyon.

c D&A 21:1. GE Pwofèt.

d GE Don Lespri yo.

93a D&A 107:38.

GE Swasanndis.

travay nan jaden an rekòmande sa kòm nesosite.

97 Epi swasanndis sa yo dwe minis k ap "vwayaje, pou Janti yo premyèman epi pou Juif yo.

98 Kote lòt ofisye yo ki nan legliz la, ki pa fè pati Douz yo, ni Swasanndis yo pa gen responsablite pou yo vwayaje pami tout nasyon yo, men, yo dwe vwayaje dapre jan sikonstans yo pèmèt yo, menm si yo genyen yon

ofis ki wo anpil epi anpil responsablite nan legliz la.

99 Se sa ki fè, kounyeya se pou tout moun aprann "devwa yo, epi pou yo aji nan ofis yo lonmen yo a avèk tout ^bdilijans.

100 Yon moun ki "parese, yo p ap konsidere l kòm ^bdiy pou l rete, epi yon moun ki pa aprann devwa l epi ki pa montre li kalifye yo p ap konsidere l kòm diy pou l rete. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 108

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Kirtland, Ohio, 26 Desanm 1835. Li te resevwa seksyon sa a sou demand Lyman Sherman, ki te deja òdone kòm swasanndis epi ki te vini kote Pwofèt la avèk demand pou yon revelasyon pou fè l konnen devwa l.

1-3, *Peche Lyman Sherman yo padone; 4-5, Li dwe konte pami ansyen yo k ap dirije Legliz la; 6-8, Li ap pou l preche levanjil la epi pou l fòtifye frè l yo.*

SENYÈ a di ou, an verite, sèvitè m nan Lyman: peche ou yo padone, paske ou obeyi vwa mwen pou ou vini la a maten an pou ou resevwa konsèy nan men moun m te chwazi a.

2 Se poutèt sa, "repoze nanm ou konsènan pozisyon espirityèl ou, epi pa lite kont vwa mwen ankò.

3 Leve epi pran plis prekosyon depi kounyeya nan obseve kontra ou te fè yo epi ou fè

kounyeya yo, epi w ap beni avèk anpil benediksyon.

4 Rete tann avèk pasyans jistan sèvitè m yo aple "asanble solanèl la, epi lè sa a ou pral konte pami premye ansyen mwen yo, epi ou pral resevwa dwa pa mwanyen òdinasyon, avèk rès ansyen mwen yo m te chwazi yo.

5 Gade, se "pwomès Papa a fè ou si ou kontinye fidèl.

6 Epi l ap akonpli sou ou nan jou sa a menm ou resevwa dwa pou w "preche levanjil mwen an, nenpòt kote m voye ou, depi nan lè sa a.

7 Se poutèt sa, "fòtifye frè w yo nan tout konvèsasyon ou yo, nan tout priyè ou yo, nan tout

97a D&A 124:138-139.

99a GE Devwa.

b GE Dilijans.

100a D&A 58:26-29.

GE Endolan,

Endolans.

b GE Diy, diyite.

108 2a GE Repo.

4a D&A 109:6-10.

5a D&A 82:10.

6a GE Travay

misyonè.

7a Lik 22:31-32.

egzòtasyon ou yo, epi nan tout sa w ap fè.

8 Epi gade, m avèk ou pou m

beni ou epi pou m "delivre ou pou tout tan. Amèn.

SEKSYON 109

Priyè ki te ofri nan konsekrasyon tanp Kirtland nan, nan Ohio, 27 Mas 1836. Daprè sa Pwofèt la te ekri, li te resevwa priyè sa a pa revelasyon.

1–5, *Tanp Kirtland nan te bati kòm yon plas pou Pitit Gason Lòm nan vizite; 6–21, Li dwe yon kay priyè, jèn, lafwa, pou aprann, glwa, ak lòd, epi yon kay pou Bondye; 22–33, Se pou moun ki pa repanti ki kont pèp Senyè a tonbe nan konfizyon; 34–42, Se pou Sen yo ale avèk pouwwa pou rasanble moun ki jis yo nan Siyon; 43–53, Se pou Sen yo delivre anba bagay tèrib ki pral tonbe sou mechan yo nan dènye jou yo; 54–58, Se pou nasyon yo ak pèp yo ak legliz yo prepare yo pou levanjil la; 59–67, Se pou Juif yo, Lamanit yo, ak tout Izrayèl rachte; 68–80, Se pou Sen yo kowone avèk laglwa ak onè epi pou yo gen sali etènèl.*

"MÈSI pou non ou, O, Senyè Bondye Izrayèl la, ki kenbe ^balyans epi ki montre mizèrikòd pou sèvitè ou yo ki mache dwat devan ou, avèk tout kè yo—

2 Ou menm ki kòmande sèvitè w yo pou yo "bati yon kay pou non ou nan plas sa a [Kirtland].

3 Epi kounyeya ou wè, O Senyè,

sèvitè w yo te fè dapre kòmandman w nan.

4 Epi kounyeya nou mande ou, Sen Papa, nan non Jezikri, Pitit Gason zantray ou a, nan non limenm sèlman sali kapab administrateur pou pitit lèzòm yo, nou mande ou, O Senyè, pou ou aksepté "kay sa a, ki se ^bzèv men nou, sèvitè ou yo, ou te kòmande nou pou nou bati a.

5 Paske ou konnen nou te fè travay sa a nan anpil tribilasyon; epi nan povrete nou, nou te bay nan byen nou pou bati yon "kay pou non ou, pou Pitit Gason Lòm nan kapab gen yon plas pou manifeste tèt li bay pèp li a.

6 Jan ou te di nan yon "revelasyon ou te ban nou an, ou te rele nou zanmi ou, ou te di—rele asanble solanèl nou yo, jan m te kòmande nou an;

7 Epi kòm tout moun pa gen lafwa, chèche avèk dilijans epi aprann youn lòt pawòl sajès; wi, chèche pawòl sajès nan pi bon liv yo, chèche konesans nan etid epi nan lafwa;

8 Òganize nou; prepare tout

8a 2 Ne. 9:19.
109 1a Alma 37:37;
D&A 46:32.
GE Rekonesan,
remèsiman.

b Dan. 9:4.
GE Alyans.
2a D&A 88:119.
4a 1 Wa 9:3.
GE Tanp, kay Senyè a.

b 2 Ne. 5:16.
5a D&A 124:27–28.
6a D&A 88:117–120.

bagay ki nesèsè, epi etabli yon kay, yon kay priyè, yon kay jèn, yon kay lafwa, yon kay pou aprann, yon kay laglwa, yon kay lòd, yon kay Bondye;

9 Pou antre nou kapab fèt nan non Senyè a, epi pou soti nou kapab fèt nan non Senyè a, pou tout salitasyon nou kapab fèt nan non Senyè a, avèk men nou leve devan Bondye Ki Pi Wo a—

10 Epi kounyeya, Sen Papa, nou mande ou ede nou, pèp ou a, avèk lagras, pandan n ap rele asanble solanèl nou an, pou sa kapab fèt pou onè ou ak akò diven ou;

11 Epi nan yon fason pou nou kapab diy devan ou, pou nou kapab asire akonplisman “pwomès ou te fè nou an, pèp ou a, nan revelasyon ou te ban nou yo;

12 Pou “laglwa ou kapab desann repoze sou pèp ou a, epi pou kay sa a ki pou ou a, kay nou dedye pou ou kounyeya, pou l kapab sanktifye epi konsakre pou l vin sen, epi pou prezans sen ou nan kapab nan kay sa a tout tan

13 Epi pou tout moun ki antre nan pòtay kay Senyè a kapab santi pouvwa ou, pou yo santi yo oblije aksepte ou te sanktifye l, epi se kay ou li ye, yon plas pou sentete ou.

14 Epi akòde, Papa Sen, pou tout moun ki adore nan kay sa a kapab aprann pawòl sajès nan pi bon liv yo, epi pou yo kapab chèche konesans menm nan etid, epi tou nan lafwa, jan ou te di a;

15 Epi pou yo kapab grandi nan oumenm, pou yo resevwa Sentespri a toutantye, epi pou yo òganize daprè lalwa ou yo, epi pou yo prepare pou yo jwenn chak bagay ki nesèsè;

16 Pou kay sa a kapab yon kay priyè, yon kay jèn, yon kay lafwa, yon kay laglwa ak yon kay Bondye;

17 Pou tout antre pèp ou a nan kay sa a kapab nan non Senyè a;

18 Pou tout soti yo nan kay sa a kapab nan non Senyè a;

19 Pou tout salitasyon yo kapab nan non Senyè a, avèk men yo sen, leve devan Bondye Ki Pi Wo a;

20 Pou okenn bagay ki “sal pa gen pèmision pou antre nan kay ou a pou sal li;

21 Epi lè pèp ou a transgrese, nenpòt pami yo, pou yo repanti rapid rapid epi pou yo retounen vin jwenn ou, pou yo jwenn favè devan ou, epi pou yo restore nan benediksyon ou te òdone pou devèse sou moun ki pral gen “reverans pou ou nan kay ou a.

22 Epi nou mande ou, Papa Sen, pou sèvitè ou yo soti nan kay sa a ame avèk pouvwa ou, epi pou non ou sou yo, epi pou laglwa ou antoure yo, epi pou “zanj ou yo gen responsablite sou yo;

23 Epi nan plas sa a pou yo kapab sipòte gwo bagay ki ekstraòdinè epi ki gloriye, nan verite, nan tout “kwen tè a, pou yo kapab konnen se travay ou, epi ou

11a D&A 38:32;
105:11–12, 18, 33.
12a GE Glwa.

20a D&A 94:8–9;
97:15–17.
21a GE Reverans.

22a GE Zanj yo.
23a D&A 1:2.

te lonje men ou pou ou akonpli bagay ou te pale pa lantremiz bouch pwofèt yo, konsènan dènye jou yo.

24 Nou mande ou, Papa Sen, pou ou tabli pèp ki pral adore a, epi ki pral kenbe non yo avèk yon onè ak yon respè nan kay sa a, pou tout jenerasyon epi pou tout letènite;

25 Pou okenn zam ki “fòmè kont yo pa kapab pwospere; pou yon moun ki fouye ^btwou pou yo tonbe ladan l pou tèt pa li;

26 Pou okenn konbinezon mechanste pa gen pouvwa pou leve epi pou gen “viktwa sou pèp ou a ki pral nan ^bnon ou nan kay sa a;

27 Epi si nenpòt moun leve kont pèp sa a, pou kòlè ou limen kont yo;

28 Epi si yo frape pèp sa a pou ou frape yo; pou ou goumen pou pèp ou a menm jan ou te konn fè nan epòk batay yo, pou yo kapab delivre anba men tout ènmi yo.

29 Nou mande ou, Papa Sen, pou ou konfonn, pou ou etone, epi pou ou lage wont ak konfizyon sou tout moun k ap gaye rapò manti nan mond lan kont sèvitè w la oubyen sèvitè ou yo, si yo pa repanti, lè levanjil etènèl la pwoklame nan zòrèy yo;

30 Epi pou tout zèv yo kapab tounen anyen, epi pou lagrèl “bale yo, ak jijman ou pral voye

sou yo nan kòlè ou, pou kapab gen yon fen nan ^bmanti ak kout lang kont pèp ou a.

31 Paske ou konnen, O Senyè, sèvitè ou yo te inosan devan ou nan temwaye non ou, poutèt non ou yo te soufri bagay sa yo.

32 Se poutèt sa nou plede devan ou pou yon delivrans total ki konplè anba “chay sa a;

33 Kase l, O Senyè; kase l soti nan kou sèvitè ou yo, avèk pouvwa ou, pou nou kapab leve nan mitan jenerasyon sa a pou nou fè travay ou a.

34 O Jewova, gen mizèrikòd pou pèp sa a, epi kòm tout moun “peche, padone transgresyon pèp ou a, epi efase peche yo pou tout tan.

35 Sele “onksyon minis ou yo sou yo avèk pouvwa ki soti anwo a.

36 Akonpli l sou yo menm jan avèk sou moun nan yo nan jou Pannkòt la; devèse “don lang yo sou pèp ou a, menm ^blag brèch dife, ak pou entèpretasyon pou yo.

37 Epi ranpli kay ou a kòm si se te avèk yon gwo van pisan, avèk “laglwa ou.

38 Mete “temwayaj alyans la sou sèvitè ou yo, pou lè yo soti ale pwoklame pawòl ou, yo kapab ^bsele lalwa a, epi prepare kè sen ou yo pou tout jijman sa yo ou pral voye yo, nan kòlè ou, sou abitan yo ki sou “tè a, poutèt

25a Eza. 54:17.
b Pwov. 26:27;
1 Ne. 14:3; 22:14.

26a D&A 98:22.
b 1 Wa 8:29.

30a Eza. 28:17;
Mozya 12:6;

D&A 29:16.
b 3 Ne. 21:19–21.

32a GE Jouk.
34a Wom. 3:23; 5:12.
GE Peche.

35a GE Wen.
36a GE Lang yo, don.

b Tra. 2:1–3.
37a D&A 84:5; 109:12.
GE Glwa.

38a GE Temwayaj.
b Eza. 8:16;
D&A 1:8.

c GE Tè—Netwayaj tè a.

transgresyon yo, pou pèp ou a pa fayi nan jou difikilte a.

39 Epi nan nenpòt vil sèvitè ou yo antre, epi pèp nan vil sa a resevwa temwayaj yo, mete lapè ou ak sali ou sou vil sa a; pou yo kapab rasanble moun ki jis yo ki nan vil sa a, pou yo kapab vini nan “Siyon, oubyen nan pye li yo, plas randevou w la, avèk chan lajwa etènèl;

40 Epi jistan bagay sa a akonpli, pa kite jijman ou yo tonbe sou vil sa a.

41 Epi nan nenpòt vil sèvitè ou yo antre, epi pèp la pa resevwa temwayaj sèvitè ou yo, epi sèvitè ou yo avèti yo pou yo sove tèt yo anba jenerasyon de regle sa a, aji avèk vil sa a daprè jan ou te pale pa mwayen bouch pwofèt ou yo.

42 Delivre, O Jewova, nou priye ou, sèvitè ou yo anba men yo, epi lave yo anba san yo.

43 O Senyè, nou pa pran plezi nan destriksyon pwochen nou yo; “nanm yo presye devan ou;

44 Men, pawòl la dwe akonpli. Ede sèvitè ou yo di, avèk “lagras ou k ap asiste yo: Se pou volonte ou fèt, O Senyè, non pa volonte nou.

45 Nou konnen ou te pale pa mwayen bouch pwofèt yo, bagay tèrib konsènan mechan yo, nan “dènye jou yo—ou pral vide jijman ou san mezi;

46 Se poutèt sa, O Senyè, delivre pèp ou a anba kalamite mechan yo; rann sèvitè ou yo kapab pou yo sele lalwa ou yo, epi sele

temwayaj la pou yo kapab pare pou jou dife a.

47 Nou mande ou, Papa Sen, moun yo te chase soti nan kontre Jackson yo, nan Missouri, sou tè eritaj yo a, epi O Senyè, kraze chay afliksyon sa a ki te plase sou yo a.

48 Ou konnen, O Senyè, moun mechan yo te oprime epi aflije yo anpil; epi kè nou “debòde avèk tristès poutèt chay y ap pote.

49 O Senyè, “konbyen tan w ap aksepte pou pèp sa a sipòte afliksyon sa a, epi pou kriye moun inosan ki pami yo monte vin nan zòrèy ou, epi pou ^bsan yo monte kòm temwayaj kote ou, san demontre temwayaj ou an favè yo?

50 Gen “mizèrikòd, O Senyè, pou popilas mechan ki te chase pèp ou a, pou yo kapab sispann fè piyay, pou yo kapab repanti nan peche yo si repantans posib pou yo;

51 Men, si yo pa vle, dekouvri bra ou, O Senyè, epi “rachte sa ou te tabli a, yon Siyon pou pèp ou a.

52 Epi si sa pa kapab fèt lòt jan, pou koz pèp ou a pa fayi devan ou, se pou kòlè ou limen, epi pou endiyasyon ou tonbe sou yo, pou yo kapab efase, ni rasin ni branch, soti anba syèl la;

53 Men, toutotan yo repanti, ou gen lagras ak mizèrikòd, epi w ap detounen kòlè ou lè ou gade figi moun ou te chwazi a.

39a Eza. 35:10.

43a GE Nanm.

44a GE Gras.

45a GE Dènye jou yo.

48a GE Konpasyon.

49a Sòm 13:1–2.

b GE Matirize, mati.

50a GE Mizèrikòd.

51a D&A 100:13; 105:2.

54 Gen mizèrikòd, O Senyè, pou tout nasyon yo ki sou tè a; gen mizèrikòd pou dirijan yo ki nan peyi a; se pou prensip sa yo zansèt nou yo te defann avèk onè epi avèk noblès yo, ki rele "konstitisyon peyi nou an, tabli pou tout tan.

55 Sonje wa yo, prens yo, moun ki nòb yo, ak moun ki gran tèt yo sou tè a, ak tout moun, ak legliz yo, tout pòv yo, moun ki nan nesosite yo, ak moun ki aflije yo sou tè a;

56 Pou kè yo kapab touche lè sèvitè ou yo soti nan kay ou a, O Jewova, pou ale rann temwayaj non ou; pou prejije yo kapab bay "verite a chemen, epi pou pèp ou a kapab jwenn favè nan men tout moun;

57 Pou tout kwen tè a kapab konnen nou menm ki sèvitè ou yo, nou te "tande vwa ou epi ou te voye nou;

58 Pou pami tout moun sa yo, sèvitè ou yo, pitit gason Jakòb yo, kapab rasanble moun ki jis yo pou bati yon vil sen nan non ou, jan ou te kòmande yo a.

59 Nou mande pou ou tabli lòt "pye pou Siyon an plis pye sa a ou te etabli a, pou ^brasanbleman pèp ou a kapab mache avèk gwo pouvwa epi avèk majeste,

pou travay ou a kapab pa genyen 'enjistik.

60 Kounyeya se pawòl sa yo nou pale devan ou, O Senyè, konsènan revelasyon ak kòmandman ou te ban nou, ki idantifye avèk "janti yo.

61 Men ou konnen ou gen yon gran amou pou pitit gason Jakòb yo, ki te rasanble sou mòn yo depi lontan, nan yon jou nyaj ki fènwa.

62 Se poutèt sa nou mande ou pou ou gen mizèrikòd pou pitit Jakòb yo, pou "Jerizalèm kapab kòmanse rachte depi kounyeya menm;

63 Epi pou chay esklavaj la kapab kòmanse kase soti sou kay "David la;

64 Epi pou pitit "Jida yo kapab kòmanse retounen nan ^bpeyi ou te bay Abraram, zansèt yo a.

65 Epi pou fè "rès Jakòb la, ki te modi epi ki te frape poutèt transgresyon yo, kapab ^bkonvèti soti nan kondisyon sovaj yo a pou vini nan plenitud levanjil etènèl la;

66 Pou yo kapab depoze zàm lagè sanginè yo, epi pou yo sispann rebelyon yo.

67 Epi se pou tout rès "Izrayèl ki te dispèse yo, sa yo te chase ale nan tout kwen tè yo, vin gen

54a 1 Pyè 2:13-15;
D&A 98:5-7;
101:77, 80.
GE Konstitisyon.

56a GE Verite.

57a D&A 20:16;
76:22-24.

59a Eza. 54:2.
b GE Izrayèl—
Rasanbleman
Izrayèl la.
c Mat. 24:22.

60a 1 Ne. 13:1-32;
15:13-18.

62a 3 Ne. 20:29.
GE Jerizalèm.

63a GE David.

64a Zak. 12:6-9;
Mal. 3:4;
D&A 133:13, 35.
GE Jida.

b Jen. 17:1-8.
GE Tè pwomiz.
65a 2 Ne. 30:3;

Alma 46:23-24;

3 Ne. 20:15-21;
D&A 19:27.

b 2 Ne. 30:6;
3 Ne. 21:20-22.
GE Konvèsyon,
konvèti.

67a GE Izrayèl—
Rasanbleman
Izrayèl la.

konesans verite a, pou yo kwè nan Mesi a, pou yo rachte anba opresyon, epi pou yo rejwi devan ou.

68 O Senyè, sonje sèvitè w la, Joseph Smith, pitit la, ak tout afliksyon li yo ak pèsèkasyon li yo—kòman li te fè ^aalyans avèk ^bJewova, epi li te fè pwomès devan ou, O Bondye Toupuisan Jakòb la—ak kòmandman ou te ba li yo, epi ki te eseye fè volonte ou avèk senserite yo.

69 Gen mizèrikòd, O Senyè, pou madanm li ak pitit li yo, pou yo kapab egzalte nan prezans ou, epi pou men pwotektè ou la prezève yo.

70 Gen mizèrikòd pou tout koneksyon ^aimedyat yo genyen, pou prejije brize epi pou yo bale tankou se te anba siklòn; pou yo kapab konvèti epi pou yo rachte avèk Izrayèl, pou yo konnen ou se Bondye.

71 Sonje, O Senyè, prezidan yo, tout prezidan legliz ou yo menm, pou men dwat ou kapab egzalte yo, avèk tout fanmi yo, ak koneksyon imedyat yo genyen, pou non yo kapab kontinye epi pou tabli yon souvni etènèl de jenerasyon an jenerasyon.

72 Sonje tout legliz ou a, O Senyè, avèk tout fanmi yo, ak tout koneksyon imedyat yo genyen, ak tout moun malad ak aflije yo, avèk tout pòv ak moun dou yo ki sou tè a; pou ^awayòm

ou te tabli san sekou okenn men an kapab vin tounen yon gwo mòn pou ranpli tout tè a;

73 Pou legliz ou a kapab soti nan dezè fènwa, pou l klere bèl tankou ^alalin nan, klè tankou solèy la, epi tèrib tankou yon lame avèk drapo;

74 Epi byen abiye ou tankou yon lamarye pou jou sa a lè ou pral devwale syèl la, pou ou fè mòn yo ^aglise tonbe devan prezans ou, pou w monte ^bplenn yo, pou ou fè plenn yo vin lis; pou laglwa ou kapab ranpli tè a;

75 Pou lè twonpèt la sonnen pou mò yo, pou nou ^amonte nan nyaj yo ale rankontre ou, pou nou kapab avèk Senyè a pou tout tan.

76 Pou gaman nou kapab pi, pou nou kapab abiye avèk ^awòb lajistis, avèk palmye nan men nou, epi ^bkouwòn glwa sou tèt nou, epi pou nou rekòlte la ^cjwa etènèl pou tout ^asoufrans nou yo.

77 O Senyè Bondye Toupisan, koute nou nan demand nou yo, epi reponn nou nan syèl la, abityasyon sen ou nan, kote ou chita sou twòn ou an, avèk ^alaglwa, onè, pouvwa, majeste, pisans, dominasyon, verite, lajistis, jijman, mizèrikòd, ak yon plenitid enfini, pou toujou ajamè.

78 O Tande, O tandè, O tandè nou, O Senyè! epi reponn demand sa yo, epi aksepte dedi-

68a GE Alyans.

b GE Jewova.

70a svd paran pre yo.

72a Dan. 2:44–45;

D&A 65:2.

73a Kant. 6:10;

D&A 5:14; 105:31.

74a D&A 133:21–22, 40.

b Eza. 40:4;

Lik 3:5;

D&A 49:23.

75a 1 Tes. 4:17.

76a Apok. 7:13–15;

2 Ne. 9:14.

b GE Egzaltasyon;

Kouwòn.

c GE Jwa.

d Ebre 12:1–11;

D&A 58:4.

77a GE Glwa.

kas kay sa a pou ou, ki se travay men nou yo, nou te bati pou non ou;

79 Epi tou legliz sa a, pou ou mete non ou sou li. Epi ede nou avèk pouvwa Lespri ou, pou nou kapab melanje vwa nou avèk bèl vwa briyan ^asera-

fen ki antoure twòn ou yo, avèk aklamasyon louwanj, pou nou chante Ozana pou Bondye ak Ti ^bMouton an!

80 Epi se pou moun sa yo, moun ou chwazi yo, ^aabiye avèk sali, epi pou sen ou yo rele fò poutèt lajwa. Amèn, epi Amèn.

SEKSYON 110

Vizyon ki te manifeste pou Joseph Smith, Pwofèt la, ak Oliver Cowdery nan tanp Kirtland nan, Ohio, 3 Avril 1836. Okazyon an sete yon reyinyon nan jou Saba a. Istwa Joseph Smith la deklare: “Nan apremidi, m te ede lòt Prezidan yo nan distribisyon Soupe Senyè a bay Legliz la, m te resevwa l nan men Douz yo, ki te gen privilèj pou yo administre sentsèn nan jou sa a. Lè m te fin akonpli sèvis sa a pou frè m yo, m t ale sou lotèl la, vwal yo te fèmen, epi m te bese tèt mwen, avèk Oliver Cowdery, nan yon priyè solanèl an silans. Apre m te fin leve nan priyè a, vizyon sa a te louvri pou nou toulède.”

1–10, *Senyè a Jewova parèt nan laglwa epi li aksepte Tanp Kirtland nan kòm kay Li; 11–12, Moyiz ak Elyas yo chak te parèt epi yo te remèt kle yo ak dispansasyon yo; 13–16, Eli retounen epi l remèt kle dispansasyon li a jan Malachi te pwomèt la.*

^aVWAL la te soti nan panse nou, epi ^bje konpreyansyon nou te louvri.

2 Nou te wè Senyè a kanpe sou platfòm lotèl la, devan nou; epi anba pye li te gen yon pave bon jan lò pi, ki te gen koulè safran.

3 ^aJe li yo te tankou yon flanm

dife; cheve ki nan tèt li te blan tankou lanèj pi; ^bfigi l te pi klere pase limyè solèy la; epi ^cvwa l te tankou bri gwo dlo k ap deplase, vwa ^dJewova menm ki te di:

4 M se ^apremye a ak dènye a; Se mwen menm ki ^bvivan an, se mwen menm yo te touye a; m se ^cavoka ou bò kote Papa a.

5 Gade, peche ou yo ^apadone; ou pwòp devan mwen; se poutèt sa, leve tèt ou epi rejwi.

6 Se pou kè frè ou yo rejwi, epi se pou kè tout pèp mwen an rejwi, ki, avèk pisans yo te ^abati kay sa a pou non mwen.

79a Eza. 6:1–2.
b GE Ti mouton Bondye.

80a Sòm 132:16.

110 1a GE Vwal.
b D&A 76:12, 19; 136:32; 138:11.

3a Apok. 1:14.

b Apok. 1:16;

1—JS 1:17.

c Ezek. 43:2;

Apok. 1:15;

D&A 133:21–22.

d GE Jewova.

4a GE Premye ne, premyene.

b Det. 5:24.

c GE Avoka.

5a GE Padon.

6a D&A 109:4–5.

7 Paské gade, m “aksepté ^bkay sa a, epi non mwen ap la; epi m ap manifeste mwen devan pèp mwen an avèk mizèrikòd nan kay sa a.

8 Wi, m ap “parèt devan sèvitè m yo, epi m ap pale avèk yo avèk pwòp vwa pa m, si pèp mwen an respekte kòmandman m yo, epi yo pa ^bsal ^ckay sen sa a.

9 Wi, kè anpil milye ak dizèn milye pral rejwi anpil kòm konsekans “benediksyon ki pral devèse, ak ^bdotasyon ki te dote sèvitè m yo nan kay sa a.

10 Epi non kay sa a pral gaye nan peyi etranje; epi se kòmansman benediksyon ki pral “tonbe sou tèt pèp mwen an. Se konsa sa ye. Amèn.

11 Apre “vizyon sa a te fèmen, syèl la te louvri devan nou ankò; Epi ^bMoyiz te parèt devan nou, epi l te remèt nou “kle ^arasanbleman Izrayèl la depi nan kat pati tè a, ak direksyon dis tribi yo ki soti nan peyi “Nò yo.

12 Apre sa, “Elyas te parèt epi l te remèt ^bdispansasyon ^clevanjil Abraram nan, li te di, nan nou ak nan desandan nou yo, tout jenerasyon apre nou pral beni.

13 Apre vizyon sa a te fin fèmen, yon lòt gran vizyon gloriye te frape sou nou; paske “Eli, pwofèt la, yo te ^bpran monte nan syèl la san l pa t goute lanmò a te kanpe devan nou, epi l te di:

14 Gade, lè a totalman rive, lè pawòl Malachi a te rive a—ki te temwaye Bondye t ap voye Eli anvan gran jou terib Senyè a rive—

15 Pou “retounen kè zansèt yo sou pitit yo, epi kè pitit yo sou zansèt yo, pou tout tè a pa frape avèk yon malediksyon—

16 Se poutèt sa, m remèt kle dispansasyon sa a nan men nou; epi konsa n ap konnen gran “jou terib Senyè a pwòch, li nan pòt la menm.

SEKSYON 111

Revelasyon Joseph Smith Pwofèt la te resewa, nan Salem, Massachusetts, 6 Out 1836. Lè sa a dirijan Legliz yo te chaje avèk dèt akòz travay yo nan ministè a. Paské yo te tandè yon gwo sòm lajan t ap la pou dispozisyon yo nan Salem, Pwofèt la, Sidney Rigdon, Hyrum Smith ak Oliver Cowdery te vwayaje soti nan Kirtland, Ohio, pou envestige

7a 2 Kwo. 7:16.
 b GE Tanp, kay Senyè a.
 8a D&A 50:45.
 b D&A 97:15-17.
 c GE Sen (adj).
 9a Jen. 12:1-3;
 D&A 39:15;
 Abr. 2:8-11.
 b D&A 95:8.
 GE Dotasyon.
 10a D&A 105:12.

11a GE Vizyon.
 b Mat. 17:3.
 c GE Kle prètriz la.
 d Jakòb 6:2;
 D&A 29:7.
 GE Izrayèl—
 Rasanbleman
 Izrayèl la.
 e D&A 133:26-32.
 GE Izrayèl—Dis tribi
 pèdi Izrayèl yo.

12a GE Elyas.
 b GE Dispansasyon.
 c Gal. 3:6-29.
 GE Alyans Abraram.
 13a GE Eli (Pwofèt Ansyen
 Testaman an).
 b GE Èt anlve.
 15a I—JS 1:38-39.
 GE Jeneyaloji;
 Sali pou mò.
 16a GE Dènje jou yo.

reklamasyon sa a, ansanm ak pou preche levanjil la. Frè legliz yo te fè plizyè zafè pou legliz la epi yo te fè yon ti preche tou. Lè yo te wè pa t gen okenn lajan ap vini, yo te retounen nan Kirtland. Plizyè pwèn ki enpòtan sou sijè sa a te parèt nan pawòl revelasyon sa a.

1-5, *Senyè a wè bezwen tanporèl sèvitè Li yo; 6-11, Li pral ajè avèk Siyon avèk mizèrikòd epi L pral ranje tout bagay pou byen sèvitè Li yo.*

MWEN menm Senyè Bondye a, m pa fache avèk nou paske nou te fè vwayaj sa a, malgre foli nou.

2 M gen anpil trezò nan vil sa a pou nou, pou benefis Siyon, ak anpil lòt moun nan vil sa a, moun m pral rasanble lè tan an rive pou benefis Siyon pa mwayen nou menm kòm zouti.

3 Se poutèt sa, se nesèsè pou ou fè konesans avèk moun nan vil sa a, jan Lespri a dirije nou, epi jan li ba nou.

4 Epi se pral konsa lè tan an rive m ap remèt vil sa a nan men nou, n ap tèlman gen pouvwa sou li, yo p ap dekouvri pati sekrè nou yo; epi richès li

yo konsènan lò ak lajan pral pou nou.

5 Pa bay tèt nou pwoblèm konsènan "dèt nou yo, paske m ap ba nou pouvwa pou nou peye yo.

6 Pa bay tèt nou pwoblèm pou Siyon, paske m ap regle avèk li avèk mizèrikòd.

7 Rete nan plas sa a ak nan reyjon ki alantou yo;

8 Epi kote m vle pou nou rete a n ap konnen l pa mwayen "lapè ak pouvwa lespri m nan ki pral anvayi nou.

9 Nou kapab lwe pou nou gen plas sa a. Epi chèche konnen avèk dilijans konsènan ansyen abitan ak fondatè vil sa a;

10 Paske gen plis trezò pase youn pou nou nan vil sa a.

11 Se poutèt sa, nou dwe "saj tankou sèpan, sepandan, san peche; epi m ap òdone tout bagay pou ^bbyen nou, osi vit nou kapab resevwa yo. Amèn.

SEKSYON 112

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, pou Thomas B. Marsh, nan Kirtland, Ohio, 23 Jiyè 1837, konsènan Douz Apot Anyo yo. Revelasyon sa a te resevwa nan epòk Èldè Heber C. Kimball ak Orson Hyde te preche levanjil la pou lapremyè fwa ann Angletè. Thomas B. Marsh te Prezidan Kolèj Douz Apot yo nan lè sa a.

1-10, *Douz yo dwe pote levanjil la epi leve vwa avètisman an bay tout nasyon ak tout pèp; 11-15,*

Yo dwe pran kwa yo, suiv Jezi, epi nourri brebi L yo; 16-20, Moun ki resevwa Premye Prezidans lan yo

111 5a D&A 64:27-29.
8a D&A 27:16.

GE Lapè.
11a Mat. 10:16.

^b Wom. 8:28;
D&A 90:24; 100:15.

resevwa Senyè a; 21-29, Tenèb kou-vri tè a, epi se sèlman moun ki kwè epi ki batize k ap sove; 30-34, Premye Prezidans lan ak Douz yo gen kle dispansasyon plenitid tan yo.

AN verite men sa Senyè a di ou menm sèvitè m nan Thomas: M te tande priyè ou yo; epi lacharite ou fè yo te monte kòm yon "souvni devan mwen, pou fè m sonje frè ou yo m te chwazi pou rann temwayaj konsènan non mwen epi pou ^bvoye l toupatou pami tout nasyon, fanmi, lang, ak pèp epi m te òdone yo pa mwayen sèvitè m yo kòm zouti.

2 An verite m di ou konsa, gen kèk bagay nan kè ou epi avèk ou ki pa fè mwen menm Senyè a plezi.

3 Sepandan, toutotan ou "bese tèt ou, w ap egzalte; se poutèt sa, tout peche ou yo padone.

4 Fè kè w "kontan devan fas mwen; epi w ap rann temwayaj konsènan non mwen, non sèlman devan ^bJanti yo, men, devan "Juif yo tou; epi ou dwe voye pawòl mwen yo nan tout kwen tè a.

5 "Konsa, lite, jou apre jou; epi jou apre jou kite voye vwa ^bavètisman ou ale; epi lè aswè rive pa kite abitan yo ki sou tè a dòmi, akòz predikasyon ou.

6 Se pou moun konnen kote ou rete nan Siyon, epi pa "deplase

kay ou; paske mwen menm Senyè a m gen yon gwo travay pou ou fè, nan pibliye non mwen pami pitit lèzòm.

7 Se poutèt sa, "mare senti ou pou travay la. Se pou pye ou solid tou, paske ou te chwazi, epi santye ou lonje pami mòn yo, ak pami anpil nasyon yo.

8 Epi avèk pawòl ou anpil moun ki "anlè pral desann, epi avèk pawòl ou anpil moun ki ba pral egzalte.

9 Vwa ou pral yon reprimand pou transgresè a; epi anba reprimand ou se pou lang medizan an sispann pèvèsite li a.

10 Rete "enb; epi Senyè Bondye w la ap pran men ou pou dirije ou, epi l ap ba ou repons pou priyè ou yo.

11 M konnen kè ou, epi m tande priyè ou yo konsènan frè ou yo. Pa pran pati pou yo nan "renmen yo pase anpil lòt moun, men, renmen yo tankou tèt pa ou; epi bay amou ou an abondans pou tout moun, epi pou tout moun ki renmen non mwen.

12 Epi priye pou frè ou yo ki douz yo. Avèti yo seryezman akòz non mwen, epi se pou yo avèti pou tout peche yo, epi rete fidèl devan mwen pou "non mwen.

13 Epi apre "tantasyon yo ak anpil ^btribilasyon, gade, mwen

112 1a Tra. 10:4.

b D&A 18:28.

3a Mat. 23:12;

Lik 14:11.

4a Mat. 9:2;

Jan 16:33.

b D&A 18:6; 90:8-9.

c D&A 19:27.

5a Jid 1:3.

b D&A 1:4-5.

6a Sòm 125:1.

7a Efe. 6:13-17.

8a GE Enb, imilite.

10a Pwov. 18:12.

11a Mat. 5:43-48.

GE Charite;

Lanmou, renmen.

12a GE Jezikri—Pran non

Jezikri avèk nou.

13a GE Tantasyon, tante.

b Jan 16:33;

Apok. 7:13-14;

D&A 58:3-4.

menm Senyè a, m ap gen pi-tye pou yo, epi si yo pa fè kè yo di, epi yo pa fè kou yo rèd kont mwen, y ap konvèti epi m ap geri yo.

14 Kounyeya, m di ou konsa, epi sa m di ou, m di Douz yo tou: Leve epi mare senti nou, pran ^akwa nou epi suiv mwen epi ^bnouri brebi mwen yo.

15 Pa egzalte tèt nou; pa fè ^arebèl kont Joseph, sèvitè m nan, paske an verite m di nou konsa, m avèk li, epi m ap poze men m sou li epi ^bkle yo m te ba li yo, ak nou menm tou, pèsonn p ap pran yo nan men l jistan m vini.

16 An verite m di ou konsa, sèvitè m nan Thomas, ou se moun m chwazi pou kenbe kle wayòm mwen an, konsènan Douz yo, toupatou pami tout nasyon—

17 Pou ou kapab sèvitè mwen pou ou deklete pòt wayòm nan ki nan tout plas kote sèvitè m nan Joseph, ak sèvitè m nan ^aSidney, ak sèvitè m nan ^bHyrum pa kapab ale;

18 Paske m lage chay tout legliz yo sou yo pou yon ti tan.

19 Se sa ki fè, nenpòt kote yo voye w, ale, epi m ap avèk ou; epi nan nenpòt kote w pwoklame non mwen, yon pòt ^atoutbon ap louvri pou ou, pou yo kapab resevwa pawòl mwen yo.

20 Nenpòt moun ki ^aresevwa pawòl mwen yo resevwa m, epi nenpòt moun ki resevwa m, yo resevwa moun, sa a yo Premye Prezidans la, m te voye a, moun sa yo m tabli kòm konseye pou non mwen devan ou.

21 Epi ankò, m di ou konsa, nenpòt moun ou voye nan non mwen, pa lantremiz vwa frè w yo, ^aDouz yo, si w legalman rekòmande yo epi w ^botorize yo, y ap gen pouvwa pou yo louvri pòt wayòm mwen an pou nenpòt nasyon ou voye yo—

22 Toutotan yo imilye devan mwen, epi yo rete nan pawòl mwen, epi yo ^akoute vwa Lespri m.

23 An verite, an verite, m di ou konsa, ^atenèb kouvri tè a, epi gwo tenèb kouvri panse pèp la, epi tout kò fizik ^bkòwonpi devan fas mwen.

24 Gade, Senyè a di, gade, ^avanjans ap vini rapid rapid sou abitan yo ki sou tè a, yon jou kòlè, yon jou dife, yon jou dezolasyon, yon jou ^bkriye, yon jou rele, epi yon jou lamantasyon; epi tankou yon toubiyon li pral vini sou tout fas tè a.

25 Senyè a di, epi sa pral ^akòmanse sou kay mwen an, epi sa pral gaye apati kay mwen an;

13c 3 Ne. 18:32.
GE Konvèsyon,
konvèti.

14a Mat. 16:24.
TJS Mat. 16:25–26
(Apendis);
Lik 9:23.
b Jan 21:15–17.

15a GE Rebelyon.
b D&A 28:7.
GE Kle prètriz la.

17a GE Rigdon, Sidney.
b GE Smith, Hyrum.

19a 1 Kor. 16:9;
D&A 118:3.

20a D&A 84:35–38.
21a D&A 107:34–35.

b GE Otorite.
22a GE Koute;
Obeyi, obeyisan,
obeyisans.
23a Eza. 60:2;

Miche 3:6;
D&A 38:11.
GE Apostazi—
Apostazi legliz
Kreyen lontan an.
b D&A 10:20–23.
24a GE Vanjans.
b D&A 124:8.
25a 1 Pyè 4:17–18.

26 Senyè a di, premyèman pami moun ki pami nou yo ki ^adeklare yo konnen non mwen epi ki pa ^bkonnen mwen, epi ki ^cblasfème kont mwen nan mitan kay mwen an.

27 Senyè a di, se poutèt sa, fè yon jan pou ou pa toumante tèt ou konsènan zafè legliz mwen an nan plas sa a.

28 Men, ^apirifye kè ou devan mwen; epi apre sa ^bale nan tout mond lan, epi preche levanjil mwen an bay chak kreyati ki pa ko resevwa l;

29 Epi yon moun ki ^akwè epi ki ^bbatize ap sove, epi yon moun ki pa kwè epi ki pa batize ap ^cdane.

30 Paske pou nou menm, ^aDouz yo, ak moun sa yo, ^bPremye Prezidans lan ki gen apèl avèk nou kòm konseye nou ak dirijan nou yo, gen pouvwa

prèttriz sa a pou dènye jou yo epi pou dènye fwa sa a, ki se ^cdispansasyon plenitud tan yo,

31 Pouvwa sa a nou genyen l, an koneksyon avèk tout moun ki te resevwa yon dispansasyon nan nenpòt epòk depi nan kòmansman kreyasyon an;

32 Paske an verite m di nou, ^akle dispansasyon sa nou te resevwa yo, yo te ^bsoti nan men zansèt yo, epi an konklizyon yo te soti nan syèl la vin jwenn nou.

33 An verite m di nou konsa, gade jan apèl nou an gran, ^anetwaye kè nou ak rad nou yo, pou san jenerasyon sa a pa ^bkoule sou men nou.

34 Rete fidèl jistan m vini, paske m ap ^avini rapid rapid; epi rekonpans mwen avèk mwen pou m rekonpanse chak moun dapre sa ^btravay li ye. M se Alfa ak Omega. Amèn.

SEKSYON 113

Repons pou kèk kesyon sou ekriti nan Ezayi yo, Joseph Smith, Pwofèt la, te resevwa, nan Far West, Missouri oubyen tou pre a, an Mas 1838.

1–6, *Souch Izayi a, flèch ki soti ladan l nan, ak rasin Izayi a idantifye;* 7–10, *Rès Siyon an ki te dispèse a gen dwa nan prèttriz la epi yo jwenn apèl pou yo retounen vin jwenn Senyè a.*

KIYÈS ki chouk bwa ^aIzayi a ki pale nan premye, dezyèm, twazyèm, katriyèm, ak senkyèm vèsè ki nan chapit 11 Ezayi a?

2 An verite men sa Senyè a di: se Kris la.

26a Mat. 7:21–23;
D&A 41:1; 56:1.

b Lik 6:46;
Mozya 26:24–27;
3 Ne. 14:21–23.

c GE Blasfèm, blasfeme.

28a GE Pi, pite.

b Mak 16:15–16.

29a Mòm. 9:22–23;

D&A 20:25–26.

b GE Batèm, batize.

c GE Danasyon, dane.

30a GE Apot.

b GE Premye Prezidans.

c Efe. 1:10;

D&A 27:13;

124:40–42.

GE Dispansasyon.

32a D&A 110:11–16.

GE Kle prèttriz la.

b Abr. 1:2–3.

33a Jakòb 1:19.

b D&A 72:3.

34a Apok. 22:7, 12;

D&A 49:28; 54:10.

b GE Zèv.

113 1a GE Izayi.

3 Kisa flèch ki mansyone nan premye vèsè 11èm chapit Ezayi a, ki te dwe soti vini nan chouk bwa Izayi a?

4 Gade, men sa Senyè a di: se yon sèvitè nan men Kris la, ki se yon pati desandan Izayi ak desandan “Efrayim tou, oubyen desandan kay Josèf la tou, epi gen anpil ^bpouvwa sou li.

5 Kisa rasin Izayi a ki mansyone nan 10èm vèsè chapit 11 la ye?

6 Gade, Senyè a di, se yon desandan Izayi, ak yon desandan Josèf tou, ki gen dwa nan prètriz la, ak ^akle wayòm nan, kòm yon ^bbanyè, epi pou ^crasanbleman pèp mwen an nan dènye jou yo.

7 Kesyon Elias Higbee poze: Kisa kòmandman ki nan Ezayi chapit 52, vèsè 1 an vle di, ki di konsa: Mete fòs ou sou ou, O Siyon—Epi a ki pèp Ezayi te fè referans?

8 Li te fè referans ak moun Bondye ta pral aple nan dènye jou yo, ki ta pral genyen pouvwa prètriz la pou mennen “Siyon tounen, ak redanmsyon Izrayèl; epi pou ranmase ^bfòs li vle di pou pote otorite prètriz la sou li, ^cdwa sa a, Siyon, genyen akoz ras li; epi tou pou l rekipere nan pouvwa sa a li te pèdi a.

9 Kisa nou dwe konprann konsènan Siyon demare tèt li anba kòd ki nan kou l la; 2èm vèsè?

10 Nou dwe konprann ^arès ki te dispèse a resevwa egzòtasyon pou yo ^bretounen soti kote yo te tonbe a vin jwenn Senyè a; si yo fè sa, pwomès Senyè a se pou l pale avèk, oubyen pou l ba yo revelasyon. Gade nan 6èm, 7èm, ak 8èm vèsè yo. Kòd ki nan kou l yo se malediksyon Bondye ki sou li, oubyen sou rès Izrayèl la nan sitiasyon dispèse yo a pami Janti yo.

SEKSYON 114

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Far West, Missouri, 11 Avril 1838.

1–2, *Nan legliz la y ap wete pozisyon moun ki pa fidèl yo pou bay lòt moun.*

AN verite Senyè a di: Li saj pou sèvitè m nan, David W. Patten ta ranje tout zafè l sito l kapab, epi pran yon desizyon ak machandiz

li, pou l kapab fè yon misyon pou mwen nan prentan k ap vini an, an konpayi lòt moun, douz moun menm ansanm avèk tèt pa li, pou temwaye non mwen epi pou pote bon nouvèl bay mond lan.

2 Paske an verite Senyè a di, toutotan gen moun pami nou

4a Jen. 41:50–52;
D&A 133:30–34.
GE Efrayim.
b GE Pouvwaa.
6a GE Kle prètriz la.
b D&A 45:9.

GE Banyè.
c GE Izrayèl—
Rasanbleman
Izrayèl la.
8a GE Siyon.
b D&A 82:14.

c GE Dwadenès.
10a GE Izrayèl—
Dispèsyon Izrayèl la.
b Oze 3:4–5;
2 Ne. 6:11.

ki nye non mwen, m ap ^amete | resevwa apèl nan episkopa yo.
lòt moun nan ^bplas yo epi y ap | Amèn.

SEKSYON 115

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Far West, Misouri, 26 Avril 1838, ki fè konnen volonte Bondye konsènan konstriksyon anplasman sa a ak yon kay pou Senyè a. Revelasyon sa a se pou ofisye prezidan yo ak manm yo nan Legliz la.

1-4, Senyè a rele legliz Li a Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo; 5-6, Siyon ak pye li yo se anplasman pou defans ak refij sen yo; 7-16, Sen yo resevwa lòd pou bati yon kay pou Senyè a nan Far West la; 17-19, Joseph Smith gen kle wadyòm Bondye a sou tè a.

AN verite men sa Senyè a di nou, sèvitè m nan, ^aJoseph Smith, pitit la, ak sèvitè m nan, ^bSidney Rigdon, ak sèvitè m nan ^cHyrum Smith, ak konseye nou yo ki pral lonmen apre sa;

2 Epi tou ou menm sèvitè m nan, ^aEdward Partridge, ak konseye li yo;

3 Epi tou sèvitè fidèl mwen yo ki nan gran konsèy legliz mwen an nan Siyon, paske se konsa yo dwe rele l, epi tout ansyen yo ak pèp Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou mwen yo ki dispèse nan tout mond lan.

4 Paske se konsa ^alegliz mwen

an pral nan dènye jou yo, ki vle di ^bLegliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.

5 An verite m di nou tout: ^aLeve epi briye, pou limyè nou kapab yon ^bmodèl pou nasyon yo;

6 Pou ^arasanbleman ansanm sou tè ^bSiyon an ak nan ^cpye li yo kapab fèt kòm yon defans, epi kòm yon ^drefij kont siklòn epi kont kòlè ki pral ^evide san mezi sou tout tè a.

7 Se pou vil Far West la tounen yon tè ^asen ki konsakre pou mwen; epi yo pral rele li vil ki pi sen an, paske tè kote nou kanpe a sen.

8 Se poutèt sa, m kòmande nou pou nou ^abati yon kay nan non mwen pou rasanbleman sen mwen yo ansanm, pou yo kapab ^badore m.

9 Epi se pou gen yon kòmansman nan travay sa a, ak yon fondasyon, yon travay

114 2a D&A 118:1, 6.

b D&A 64:40.

115 1a GE Smith, Joseph, pitit la.

b GE Rigdon, Sidney.

c GE Smith, Hyrum.

2a GE Partridge, Edward.

4a 3 Ne. 27:4-8.

b GE Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.

5a Eza. 60:1-3.

b Eza. 11:12.

GE Banyè.

6a GE Izrayèl—Rasanbleman Izrayèl la.

b GE Siyon.

c D&A 101:21.

GE Pye.

d Eza. 25:1, 4;

D&A 45:66-71.

e Apok. 14:10;

D&A 1:13-14.

7a GE Sen (adj).

8a D&A 88:119; 95:8.

b GE Adorasyon.

preparatwa nan ete k ap vini an;

10 Epi se pou kòmansman an fèt nan katriyèm jou Jiyè pwochen an; epi depi lè sa a se pou pèp mwen an travay avèk dilijans pou bati yon kay pou non mwen;

11 Epi nan “yon ane, kòmanse pou jodi a, se pou yo rekòmanse poze fondasyon ^bkay mwen an.

12 Konsa, se pou yo travay avèk dilijans, kòmanse depi jodi a, jistan l fini.

13 An verite m di nou, se pa pou sèvitè m nan, Joseph, ni sèvitè m nan Sidney, ni sèvitè m nan Hyrum, fè dèt ankò pou bati yon kay pou non mwen;

14 Men, fè bati yon kay pou non mwen daprè “modèl m pral montre yo a.

15 Epi si pèp mwen pa bati l daprè modèl m pral montre prezidans yo a, m p ap aksepte l nan men yo.

16 Men, si pèp mwen an bati l daprè modèl m pral montre prezidans yo a, sèvitè m yo menm, Joseph ak konseye l yo, lè sa a m ap aksepte l nan men pèp mwen an.

17 Epi ankò, an verite m di nou, se volonte m pou vil Far West la bati rapid rapid pou rasambleman sen mwen yo;

18 Epi lòt plas ta dwe tabli kòm “pye nan rejyon ki alantou yo, jan sa manifeste devan sèvitè m nan, Joseph, tanzantan.

19 Paske gade, m ap avèk li epi m ap sanktifye l devan pèp la; paske m te ba li “kle wayòm ak ministè sa a. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 116

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa pre Wight's Ferry, nan yon kote ki rele Spring Hill, Konte Daviess, Missouri, 19 Me 1838.

SENYÈ a rele Spring Hill “Adan-on-di-Aman, paske, li di, se nan plas sa a ^bAdan pral vin vizite

pèp li a, oubyen kote Moun ki “ansyen tout jou yo pral chita, jan Danyèl, pwofèt la te pale a.

SEKSYON 117

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Far West, Missouri, 8 Jiyè 1838 konsènan dewva prensipal William Marks, Newel K. Whitney, ak Oliver Granger.

11a D&A 118:5.

b D&A 124:45–54.

14a Ebre 8:5;

D&A 97:10.

18a D&A 101:21.

GE Pye.

19a GE Kle prètèriz la.

116 1a D&A 78:15.

GE Adan-on-di-Aman.

b GE Adan.

c Dan. 7:13–14, 22.

1-9, *Sèvitè Senyè a yo pa dwe konvwate bagay materyèl, paske, "ki valè pwopriyete genyen pou Senyè a?"*; 10-16, *Yo dwe abandonne bagay ki pla, epi sakrifis yo ap sakre pou Senyè a.*

AN verite Senyè a di sèvitè m nan, William Marks ak sèvitè m nan Newel K. Whitney, se pou yo ranje zafè yo rapid rapid epi pou yo vwayaje ale nan peyi Kirtland nan, anvan mwenmenm Senyè a m voye lanèj ankò sou tè a.

2 Se pou yo reveye epi pou yo leve, paske mwenmenm Senyè a, m kòmande sa.

3 Se poutèt sa, si yo rete, li p ap bon pou yo.

4 Senyè a di, se pou yo repanti pou tout peche yo, ak tout anv konvratiz yo devan mwen; paske Senyè a di, kisa "pwopriyete ye pou mwen.

5 Senyè a di, se pou yo vann pwopriyete ki nan Kirtland yo pou yo peye "dèt. Senyè a di, se pou y ale, epi nenpòt sa ki rete, se pou l rete nan men ou.

6 Paske èske zwazo yo ki anlè a pa pou mwen, ak pwason yo ki nan lanmè a, ak bèt yo ki sou mòn yo? Èske m pa t kreye tè a? Èske m pa kenbe "destine tout lame nasyon yo ki sou tè a?

7 Senyè a di, se poutèt sa, èske m p ap fè plas ki "gen lapè pou boujon ak flè, epi pou m pote abondans?

8 Èske pa gen ase plas sou mòn "Adan-ondi-Aman yo, ak sou plèn Olaha ^bChinea a, oubyen "peyi kote Adan rete a, pou w ap konvwate bagay ki pitipiti yo, epi ou neglije bagay ki gen plis enpòtans yo?

9 Se poutèt sa, monte la a sou tè pèp mwen an, Siyon an menm.

10 Se pou sèvitè m nan, William Marks "fidèl nan kèk ti bagay, epi l ap vin yon dirijan sou anpil bagay. Se pou l prezide nan mitan pèp mwen an ki nan vil Far West la, epi se pou benediksyon pèp mwen an beni l.

11 Senyè a di, se pou sèvitè m nan, Newel K. Whitney wont poutèt bann "Nikolayit yo ak ^babominasyon sekrè yo, ak tout ti bagay pla li yo devan mwen, epi pou l vini nan peyi Adan-ondi-Aman nan, epi pou l tounen "evèk pou pèp mwen an, pa nan non, men, nan aksyon.

12 Senyè a di, epi ankò, m di ou, m sonje sèvitè m nan "Oliver Granger; Senyè a di, an verite m di l, non li ale anrejistre nan rejis sakre depi nan jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon, pou tout tan ajamè.

13 Se poutèt sa, Senyè a di, se pou l kontante l avèk senserite pou redanmsyon Premye Prezidan Legliz mwen an; epi Senyè a di, apre lè l tonbe, l ap leve ankò, paske "sakrifis li a pral pi sakre pou mwen pase ogmantasyon li a.

117 4a D&A 104:14.

5a D&A 104:78.

6a Tra. 17:26;

1 Ne. 17:36-39.

7a Eza. 35:1;

D&A 49:24-25.

8a D&A 116.

GE Adan-ondi-Aman.

b Abr. 3:13.

c GE Edenn.

10a Mat. 25:23.

11a Apok. 2:6, 15.

b GE Konbinezon sekrè.

c GE Evèk.

12a svd moun Pwofèt la te kite pou regle zafè l yo nan Kirtland.

13a GE Sakrifis.

14 Senyè a di, se poutèt sa, se pou l monte rapid rapid nan peyi Siyon an; epi Senyè a di, lè a rive, l ap yon machann pou non mwen, pou benefis pèp mwen an.

15 Se poutèt sa, pèsonn pa dwe meprize sèvitè m nan, Oliver Granger, men, se pou benediksyon pèp mwen an sou li pou tout tan ajamè.

16 Epi ankò, an verite m di ou, se pou tout sèvitè m yo ki nan peyi Kirtland yo sonje Senyè Bondye yo a, ak kay mwen an tou, pou yo kenbe l epi pou yo prezève l sen, epi pou chavire moun k ap chanje lajan yo lè tan an rive. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 118

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Far West, Missouri, 8 Jiyè 1838, kòm repons pou siplikasyon, “Montre nou volonte ou, O Senyè, konsènan Douz yo.”

1–3, *Senyè a ap pran swen fanmi Douz yo; 4–6, Plas vid nan pami Douz yo ranpli.*

AN verite, Senyè a di: Se pou yon konferans fèt imedyatman; se pou Douz yo òganize; epi se pou aple moun pou “ranpli plas sa ki te tonbe yo.

2 Se pou sèvitè m nan, “Thomas rete pou kèk tan nan peyi Siyon an pou pibliye pawòl mwen.

3 Se pou rès yo kontinye preche depi kounyeya, epi si yo fè sa avèk tout imilite nan kè yo, dousman epi avèk “imilite, ak ^bpasyans, mwen menm Senyè a, m ap fè yo yon pwomès pou m pran swen fanmi yo; epi yon

pòt reyèl ap louvri pou yo depi kounyeya.

4 Epi nan prentan k ap vini an, se pou yo pati ale kote gwo dlo yo, epi se la pou yo pwopaje levanjil mwen an, plenitud levanjil la, epi pou yo rann temwayaj konsènan non mwen.

5 Senyè a di, se pou yo pran konje soti kite sen mwen yo nan vil Far West la, nan vennsizyèm jou Avril k ap vini an, sou anplasman kay mwen an.

6 Se pou sèvitè m nan, John Taylor, ak sèvitè m nan Wilford Woodruff, ak sèvitè m nan Willard Richards, lonmen pou ranpli plas moun ki te tonbe yo, epi pou nou fè yo konnen pozisyon yo ofisyełman.

SEKSYON 119

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Far West, Missouri, 8 Jiyè 1838, kòm repons pou siplikasyon li a: “O Senyè!

118 1a Tra. 1:13, 16–17, 22–26.

2a GE Marsh, Thomas B.
3a GE Enb, imilite.

b GE Pèsevere.

Montre sèvitè w yo konbyen ou rekòmande nan byen pèp ou a pou ladim." Lwa ladim nan, jan nou konprann li jodi a, Legliz la pa t resevwa l anvan revelasyon sa a. Ekspresyon ladim nan nou fèk site a ak nan revelasyon anvan yo (64:23; 85:3; 97:11) te konn vle di non sèlman yon-dizyèm, men tou, tout ofrann volonte, oubyen kontribisyon pou finans Legliz la. Anvan sa Senyè a te bay Legliz la lalwa konsekrasyon an ak responsablite byen yo, lalwa sa a, manm yo (prensipalman ansyen ki anchaj yo) te adopte l atravè alyans etènèl. Poutèt anpil moun te manke pou yo mache daprè alyans sa a, Senyè a te wete l pou yon tan epi li te bay lalwa ladim nan pou tout Legliz la. Pwofèt la te mande Senyè a ki kantite nan byen yo li te rekòmande pou objektif sakre yo. Revelasyon sa a te bay repons lan.

1-5, Sen yo dwe peye kantite ki anplis nan byen yo epi apresya, pou yo bay chak lane, kòm ladim, dizièm pati nan revni yo; 6-7, Jan sa a pral sanktifye pey Siyon an.

AN verite, Senyè a te di, m rekòmande tout byen yo gen "anplis pou nou mete nan men evèk legliz mwen an ki nan Siyon an,

2 Pou bati "kay mwen an, epi pou fè fondasyon Siyon epi pou prèttriz la, epi pou det prèttriz Legliz mwen an.

3 Epi se pral kòmansman "ladim pèp mwen an.

4 Epi Senyè a di, apre sa, moun ki te peye ladim sa yo pral peye yon dizyèm nan tout enterè yo chak ane; epi sa pral yon lalwa regilye pou yo pou

tout tan, pou prèttriz sen mwen an.

5 An verite m di nou konsa, se pral konsa, tout moun ki rasanble nan peyi "Siyon an pral peye ladim nan sou byen yo gen anplis, epi y ap obsève lalwa sa a, oubyen yo p ap diy pou yo rete pami nou.

6 Epi m di nou, si pèp mwen an pa obsève lalwa sa a, pou yo kenbe l sen, epi avèk lalwa sa a pou yo sanktifye tè "Siyon an pou mwen, pou kòmandman ak jijman m yo rete sou li, pou l kapab sa ki pi sen an, gade, an verite m di nou, li p ap yon peyi Siyon pou nou.

7 Epi sa ap yon egzanp pou tout "pye ki nan Siyon yo. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 120

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Far West, Misouri, 8 Jiyè 1838, ki fè konnen desizyon ki pral fèt sou ladim byen ki te site nan revelasyon anvan an, seksyon 119.

119 1a D&A 42:33-34, 55;
51:13; 82:17-19.
2a D&A 115:8.

3a Mal. 3:8-12;
D&A 64:23.
GE Dim, dizyèm.

5a D&A 57:2-3.
6a GE Siyon.
7a GE Pye.

AN verite, Senyè a te di, tan an rive kounyeya pou yon konsèy “ki konpoze avèk Premye Prezidans Legliz mwen an, ak evèk la,

epi ak konseye li yo, epi ak gran konsèy mwen; epi avèk vwa pa mwen m ap ba yo ki pral deside sou sa. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 121

Priyè ak pwofesi Joseph Smith, Pwofèt la te ekri nan yon kourye pou Legliz la pandan l te prizonye nan prizon Liberty a, Missouri, nan dat 20 Mas 1839 la. Pwofèt la ak plizyè konpayon te nan prizon pandan plizyè mwa. Petisyon yo ak demann yo te rive kote ofisye egzektif yo epi jidisyè yo pa t rive soulaje prizonye yo.

1–6, *Pwofèt la plede avèk Senyè a poutèt soufrans Sen yo; 7–10, Senyè a ba l lapè; 11–17, Tout moun ki bay manti nan rele transgresyon kont pèp Senyè a ap modi; 18–25, Yo p ap gen dwa nan prèttriz la epi y ap dane; 26–32, Moun ki reziste avèk vanyans yo resevwa pwomès relasyon gloriye; 33–40, Poukisa gen anpil moun ki aple epi se sèlman kèk ki chwazi; 41–46, Prèttriz la dwe sèlman sèvi nan lajistis.*

O BONDYE, ki kote ou ye? kote paviyon ki kouvri kote w “kache a?

2 Pou “konbyen tan men ou ap poze, ak je ou, wi je pi ou a, pou ou gade pandan ou nan syèl etènèl la, mechanste y ap fè pèp ou a ak sèvitè ou yo, epi pou zòrèy ou penetre avèk kriye yo?

3 Wi, Senyè a, “konbyen tan y ap soufri move opresyon ilegal sa yo, anvan pou kè ou vin san-

sib pou yo, epi pou zantray ou sansib avèk konpasyon pou yo?

4 O Senyè Bondye “Toupisan, kreyatè syèl la, tè a, ak lanmè a, ak tout bagay ki ladan yo, ou menm ki kontwole epi ki soumèt dyab la, ak dominasyon fènwa malfezan Cheòl—lonje men ou; fikse je ou; louvri paviyon w nan, pa kite kote w ^bkache a kouvri ankò; panche zòrèy ou; fè kè ou sansib, epi se pou zantray ou sansib avèk konpasyon pou nou.

5 Se pou kòlè ou limen kont ènmi nou yo; epi nan kòlè kè ou, “vanje moun ki te fè nou mal yo avèk epe ou.

6 Sonje sen ou yo k ap soufri yo, O Bondye nou an; epi sèvitè ou yo pral rejwi nan non ou pou tout tan.

7 Pitit gason m nan, lapè nan nanm ou; “advèsite ou ak afliksyon ou yo pral sèlman pou yon ti moman;

8 Epi apre sa, si ou te “sipote

120 1a svd ladim.

121 1a Sòm 13:1–2;

102:1–2.

2a Aba. 1:2.

3a D&A 109:49.

4a GE Omnipotan.

b D&A 123:6.

5a Lik 18:7–8.

7a GE Advèsite.

8a 1 Pyè 2:19–23.

GE Pèsèvere.

byen, Bondye ap leve ou anlè; w ap triyonfe sou tout ènmi ou yo.

9 ^aZanmi ou yo kanpe bò kote ou, epi yo pral louwe ou ankò avèk bon kè epi avèk men amikal.

10 Ou poko tankou ^aJòb; zanmi ou yo pa leve kont ou, ni tou yo pa akize ou pou transgresyon, menm jan yo te fè Jòb la.

11 Epi moun ki akize ou yo, ki di ou te fè transgresyon yo, esperans yo pral vòltije, epi espwa yo pral fonn tankou ^alawouze ki fonn devan reyon solèy k ap leve.

12 Epi tou Bondye te lonje men li epi l te sele pou l chanje ^atan yo ak sezon yo, epi pou l veglepanse yo, pou yo pa kapab konprann travay mèveye li yo; pou l kapab teste yo tou epi pou l pran yo nan pwòp fent yo;

13 Epi tou poutèt kè yo kòwonpi, epi bagay yo vle rale sou lòt moun, ak bagay yo renmen fè lòt moun souffri, ap tonbe sou ^ayo ak tout fòs;

14 Pou yo kapab dezoryante tou epi pou esperans yo kaba;

15 Epi Bondye di, anpil ane p ap pase, yo menm ak desandan yo pral bale soti anba syèl la, pou okenn ladan yo pa rete bò miray la.

16 Senyè a di, Tout moun ki leve talon yo kont ^awen mwen

yo ap modi, epi ki rele pou fè konnen yo te fè ^bpeche devan mwen, lè okontrè yo te fè sa ki bon devan je mwen, ak bagay m te kòmande yo.

17 Men, moun ki rele transgresyon yo fè sa paske yo se sèvitè peche, epi yo se ^apitit dezobeyisans pou tèt pa yo.

18 Epi moun ki fè fo temwayaj kont sèvitè m yo, pou kapab mennen yo nan esklavaj ak lamò—

19 Malè yo; poutèt yo ^aofanse timoun piti m yo m ap sevre yo nan ^bòdonans kay mwen an.

20 ^aPanye yo p ap ranpli, kay yo ak grenye yo ap peri, epi menm moun ki te konn flate yo pral meprize yo.

21 Yo p ap gen dwa nan ^aprèttriz la, ni pitit piti yo apre yo depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon.

22 Sa t ap ^api bon pou yo si yo te mare yon pwa lou nan kou yo, epi yo nwaye nan pwofondè lanmè.

23 Senyè tout Lame yo di, malè pou tout moun ki pèsekite pèp mwen an, ki chase, ki touye, epi ki temwaye kont yo; yon ^ajenerasyon sèpan p ap chape anba kondanasyon lanfè.

24 Gade, je mwen ^awè epi m konnen tout zèv yo, epi m gen an rezèv yon ^bjijman ki rapid nan sezon an pou yo tout;

9a D&A 122:3.

10a GE Jòb.

11a Egz. 16:14.

12a Dan. 2:21.

13a Pwov. 28:10;

1 Ne. 14:3.

16a 1 Sam. 26:9;

Sòm 105:15.

b 2 Ne. 15:20;

Mowo. 7:14, 18.

17a Efe. 5:6.

19a Mat. 18:6.

GE Ofanse.

b GE Òdonans yo.

20a Det. 28:15–20.

21a GE Prèttriz.

22a Mat. 18:6;

D&A 54:5.

23a Mat. 12:34.

24a GE Omnisyan.

b Ela. 8:25.

GE Jij, jijman.

25 Paske gen yon ^atan ki fikse pou chak moun, daprè ^bzèv li.

26 Bondye pral ba nou ^akonesans pa mwayen ^bLespri Sen li a, wi pa lantrémiz ^cdon inespikab Sentespri a, ki pa t janm revele depi mond lan te egziste jouk kounyeya;

27 Don zansèt nou yo t ap rete tann avèk anpil enpasyans ki dwe revele nan dènye tan yo, don zanj yo te montre nan panse yo a, ki te rezève pou laglwa toutantye yo a;

28 Yon tan ki pral rive lè ^aokenn bagay p ap kache, menm si gen yon Bondye oubyen anpil ^bbondye yo pral fè konnen yo.

29 Tout twòn ak dominasyon yo, otorite ak pouvwa yo, pral ^arevele epi yo pral tabli sou tout moun ki te pèsevere avèk van-yans pou levanjil Jezikri a.

30 Epi tou, si gen ^alimit ki tabli pou syèl yo ak lanmè yo, oubyen pou tè sèch yo, oubyen pou solèy la, oubyen lalin nan, oubyen zetwal yo—

31 Tout lè revolasyon yo, tout jou ki te tabli pou yo, mwa, ak ane yo, epi tout jou nan epòk yo, mwa, epi ane yo, ak tout la-

glwa yo, lalwa yo, ak lè ki te tabli yo, pral revele nan epòk ^adispansasyon toutantye tan yo—

32 Daprè sa ki te òdone nan mitan ^aKonsèy ^bBondye Etènèl tout lòt bondye yo anvan mond sa a te egziste, ki ta dwe rezève pou finisman ak lafen an, lè chak moun pral antre nan ^cprezans etènèl li a ak nan ^drepo imòtèl li a.

33 Konbyen tan dlo k ap desann yo kapab rete sal? Ki pou-vwa ki kapab kontwole syèl yo? menm jan an tou lòm ta kapab lonje ponyèt fèb li pou rete ri-vyè Missouri a nan wout ki te dekrete pou li a, oubyen pou fè kouran an vire monte, menm jan an tou pou anpeche Toupisan an vide ^akonesans desann soti nan syèl la sou tè Sen dènye jou yo.

34 Gade, gen anpil moun ki ^aaple, men, se kèk ki ^bchwazi. Epi poukisa yo pa chwazi?

35 Paske kè yo tèlman chita sou bagay ki nan ^amond sa a, epi yo espere ^bonè nan men lèzòm, yo pa aprann sèl leson sa a—

36 Ki di, ^adwa prètriz yo makò-nen seresere avèk ^bpouvwa syèl

25^a Jòb 7:1;
D&A 122:9.

^b GE Zèv.

26^a Dan. 2:20–22;
AL 1:9.

GE Revelasyon.

^b D&A 8:2–3.

^c GE Don Sentespri.

28^a D&A 42:61; 76:7–8;
98:12.

^b Sòm 82:1, 6;
Jan 10:34–36;

1 Kor. 8:5–6;

D&A 76:58; 132:20;

Abr. 4:1; 5:1–2.

29^a D&A 101:32.

30^a Jòb 26:7–14;

Sòm 104:5–9;

Tra. 17:26.

31^a GE Dispansasyon.

32^a GE Konsèy nan syèl.

^b Det. 10:17.

^c GE Lèzòm,

lòm—Lòm, gen

potansyalite pou

vin tankou Papa

Bondye.

^d GE Repo.

33^a D&A 128:19.

GE Konesans.

34^a Mat. 20:16; 22:1–14;

D&A 95:5–6.

GE Aple, Bondye

te aple, apèl.

^b GE Chwazi (vèb).

35^a GE Mondanite.

^b Mat. 6:2;

2 Ne. 26:29.

36^a GE Otorite;

Prètriz.

^b GE Pouvwà.

la, epi pouvwa syèl la pa kapab kontwole ni manipile san se pa avèk prensip ^clajistis.

37 Yo kapab konfere sou nou, se vre; men, lè nou deside pou nou ^akouvri ^bpeche nou yo, oubyen pou nou pran plezi nan ^clògèy nou yo, oubyen anbiyasyon vanite nou yo, oubyen pou nou egzèse kontwòl oubyen dominasyon oubyen presyon sou nanm pitit lèzòm, nan nenpòt degre enjistis, gade, syèl la ^awete tèt li; Lespri Senyè a atriste; epi lè Bondye wete l, Amèn pou prèttriz la oubyen otorite nonm sa a.

38 Gade, li avèti, yo kite l pou kont li, pou l ^alite avèk malen an, pou l ^bpèsekite Sen yo, epi pou l goumen avèk Bondye.

39 Nou te aprann, pa mwayen eksperyans ki tris, se nan ^anati ak dispozisyon prèske tout moun, depi yo gen yon ti otorite, jan yo sipoze a, yo kòmanse egzèse dominasyon enjis imedyatman.

40 Se poutèt sa, gen anpil moun ki aple, men, se sèlman kèk moun ki chwazi.

41 Okenn pouvwa oubyen

enfliyans pa kapab oubyen pa ta dwe egzèse pa mwayen prèttriz la eksepte pou ^apesyade, avèk ^bpasyans, avèk jantiyès, dousman, epi avèk amou enfayib;

42 Avèk jantiyès, ak konesans ki pi, ki grandi nanm moun anpil san ^aipokrizi, epi san ^briz—

43 Pou ^akorije moun kèk fwa dirèkteman, lè Sentespri a anime yo; epi apre sa pou yo montre yon pi gwo ^blanmou pou moun ou te korije a, pou l pa konsidere ou kòm yon ènmi;

44 Pou l kapab konnen fidelite ou pi fò pase kòd lanmò.

45 Se pou zantray ou tou chaje avèk charite pou tout moun, ak pou frè ki gen lafwa, epi se pou ^avèti gani ^bpanse ou san rete; apre sa konfyans w ap grandi anpil nan prezans Bondye; epi doktrin prèttriz la ap koule nan nanm ou tankou ^clawouze ki soti nan syèl la.

46 ^aSentespri a ap konpayon ou tout tan, pwoteksyon ou san chanje, pwoteksyon lajistis ou ak verite ou; epi dominasyon ou ap yon ^bdominasyon etènèl, epi san presyon l ap koule vin jwenn ou pou toujou ajamè.

SEKSYON 122

Pawòl Senyè a te pale Joseph Smith, Pwofèt la pandan li te prizonye nan prizon Liberty a, Missouri. Seksyon sa a se yon ekstrè ki soti

36c GE Jis, jistis.

37a Pwov. 28:13.

b GE Peche.

c GE Lògèy.

d D&A 1:33.

38a Tra. 9:5.

b GE Pèsekisyon, pèsekite.

39a GE Lòm natirèl.

41a 1 Pyè 5:1-3.

b 2 Kor. 6:4-6.

42a Jak 3:17.

b GE Frod.

43a GE Chatye, chatiman.

b GE Charite;

Lanmou, renmen.

45a GE Vèti.

b GE Ppanse (lide).

c Det. 32:1-2;

D&A 128:19.

46a GE Sentespri.

b Dan. 7:13-14.

nan yon kourye pou Legliz la ki date 20 Mas 1839 (gade antèt sek-syon 121 an).

1-4, Tout kwen tè a pral chèche konnen non Joseph Smith; 5-7, Tout peripesi l yo ak soufrans li yo pral ba li eksperyans epi se pral pou byen l; 8-9, Pitit Gason Lòm nan te desann pi ba pase yo tout.

Tout kwen tè a pral chèche konnen "non ou, epi moun ensanse pral pase w nan betiz, epi lanfè a pral anraje kont ou;

2 Pandan tan sa a tou, moun ki gen kè pwòp yo, ak moun ki saj yo ak moun ki nòb yo, ak moun ki gen vèti yo, pral chèche "konsèy, ak otorite, ak benediksyon tout tan anba men ou.

3 Epi pèp ou a p ap janm vire kont ou poutèt temwayaj moun ki trèt yo.

4 Epi malgre enfluyans yo pral lage ou nan pwoblèm, nan prizon ak kacho, w ap onore; epi pou sèlman yon ti "moman, epi vwa ou pral pi terib nan mitan ènmi ou yo pase ^blyon ki move akòz lajistis ou; epi Bondye ou la pral kanpe bò kote ou pou tout tan ajamè.

5 Si ou aple pou ou pase anba tribilasyon; si ou an danje pami fo frè; si ou an danje nan pami vòlè; si ou an danje sou tè a ou-byen sou lanmè;

6 Si moun akize ou nan tout kalite fo akizasyon; si ènmi ou yo tonbe sou ou; si yo pouse

ou soti nan sosyete papa ou ak manman ou, ak frè ou yo ak sè ou yo; epi si ènmi ou yo pran epe pou dekole ou soti nan zantray madanm ou, ak pitit ou, ak pi gran pitit gason w nan, malgre li sèlman gen sizan, malgre li kroke nan rad ou epi li di, Papa, papa, poukisa ou pa kapab rete avèk nou? O, papa, kisa moun sa yo pral fè avèk ou? epi apre sa si yo separe l avèk ou avèk epe, epi yo trennen ou nan prizon, epi ènmi ou yo ap fè rapas alantou w tan-kou "lou yo ki dèyè bwè san ti mouton an;

7 Epi si yo ta jete ou nan twou, oubyen nan men asasen, epi yo ba ou santans lanmè; si yo "jete w nan ravin fon; si lang pèvès konspire kont ou; si move van vin tounen ènmi w; si syèl la rasanble tenèb, epi eleman yo konbine pou bare wout la; epi apre tout bagay sa yo, si bouch ^blanfè a menm ta louvri laj kont ou, ou dwe konnen, pitit gason m nan, tout bagay sa yo ap ba w 'eksperyans, epi se ap pou byen w.

8 "Pitit Gason Lòm nan te ^bdesann pi ba pase yo tout. Èske ou pi gran pase l?

9 Se poutèt sa, rete sou wout ou ye a, epi prèttriz la ap "rete avèk ou; paske ^blimit moun sa

122 1a I—JS 1:33.

2a GE Konsèy (non).

4a D&A 121:7-8.

b 3 Ne. 20:16-21;
21:12.

6a Lik 10:3.

7a Jonas 2:3-6.

b 2 Sam. 22:5-7;

I—JS 1:15-16.

c 2 Kor. 4:17;

Ebre 12:10-11;

2 Ne. 2:11.

8a GE Pitit gason
lòm nan.

b Ebre 2:9, 17-18;
D&A 76:107; 88:6.

9a D&A 90:3.

b Tra. 17:26.

yo deja fikse, yo pa kapab pase. M konnen 'jou w yo, epi ane ou yo p ap vin mwens; se poutèt sa,

pa ^dpè sa lòm kapab fè, paske Bondye ap avèk ou pou toujou ajamè.

SEKSYON 123

Devwa Sen yo an relasyon avèk moun k ap pèsekite yo, jan Joseph Smith, Pwofèt la tabli sa, pandan li te prizonnye nan prizon Liberty, Missouri a. Seksyon sa a se yon ekstrè ki soti nan yon kourye pou Legliz la ki date 20 Mas 1839 (gade antèt seksyon 121 an).

1-6, *Sen yo ta dwe koleksiyone epi pibliye istwa soufrans yo ak pèsekisyon yo; 7-10, Se menm lespri ki te tabli fo kwayans yo ki dirije pèsekisyon kont Sen yo tou; 11-17, Anpil moun pami tout relijyon yo gen pou yo resevwa verite a.*

Epi ankò, nou ta pwopoze pou nou konsidere si l ta apwopriye pou tout sen yo rasanble enfòmasyon sou tout aksyon, ak soufrans ak abi pèp ki nan Eta sa a te fè yo;

2 Ak tout injistis ak tout domaj yo te soufri, ni nan lespri yo ak nan kò yo ak byen materyèl yo;

3 Ak non tout moun ki te mele nan opresyon yo a, otan yo kapab rekonèt yo epi chèche konnen yo.

4 Epi petèt yon komite kapab lonmen tou pou chèche konnen bagay sa yo, pou pran nòt ak sipò; epi tou pou rasanble piblikasyon manti k ap gaye;

5 Ak tout bagay ki nan jounal, ak nan ansiklopedi, ak tout istwa manti ki pibliye, epi ki ekri, ak ki moun ki ekri yo, epi prezante

tout melanj pèvèsite dyabolik negatif ak enpozisyon asasen ki te pratike sou pèp sa a—

6 Pou nou kapab pibliye yo non sèlman bay tout mond lan, men, pou nou prezante yo bay chèf gouvènman yo avèk tout koulè fènwa lanfè ki ladan yo, kòm dènye efò Papa nou ki nan syèl la ap fè ansanm avèk nou, anvan nou kapab reklame totalman epi konplètman pwomès ki pral rele l soti nan plas "kachèt li a; epi tou pou tout nasyon an kapab rete san eskiz anvan l kapab voye pouvwa ponyèt pisan li a.

7 Se yon devwa san kondisyon nou dwe Bondye, zanj yo, zanj sa yo Bondye pral fè kanpe ansanm avèk nou yo, ak tèt pa nou, ak madanm nou, ak pitit nou yo ki te oblije koube anba lapenn, tristès, ak bezwen anba men asasen ki pi dane yo, tirani, ak opresyon, ki te soti anba enfliyans lespri sa a ki kontrekare avèk fòs tout kwayans zansèt yo, ki te plante manti, nan kè timoun yo, epi

9c D&A 121:25.
d Ney. 4:14;
Sòm 56:4; 118:6;

Pwov. 3:5-6;
Eza. 51:7; Lik 12:4-5;
2 Ne. 8:7;

D&A 3:7; 98:14.
123 6a D&A 101:89;
121:1, 4.

ki chaje mond lan avèk konfizyon, ki te devlope chak jou, epi ki se gwo kouran tout kòripsyon kounyeya, epi tout “tè a ap plenn anba pwa inikite li a.

8 Se yon “pwaskant, se yon kòd solid; yo se menòt menm, ak chenn nan pye, ak kòd lanfè yo.

9 Se poutèt sa se yon devwa enperatif nou dwe non sèlman madanm nou ak pitit nou yo, men tou, vèy yo ak moun ki san papa yo, ki te gen mari yo ak papa yo “asasinen anba men terrib li yo;

10 Pwofondè tenèb ak fènwa sa a ki ase pou l fè lanfè a tranble, kanpe rèd anba sezisman, pou figi l pal, epi pou men dyab la menm tranble epi pou l paralize.

11 Epi se yon devwa san kondisyon nou dwe tout jenerasyon k ap leve a, ak tout moun ki gen kè pwòp—

12 Paske toujou gen anpil moun sou tè a pami tout reliyon yo, lòt pati yo, ak denominasyon yo, ki

“avèg anba fent lèzòm, ki chita ap rete tann nan erè, epi ki pa konnen verite a paske yo pa ^bkonnen ki kote pou yo jwenn li—

13 Se poutèt sa, pou nou kapab pa gaspiye epi blaze lavi nou lè n ap mennen nan limyè bagay tenèb “kache yo, lè nou konnen yo—

14 Bagay sa yo dwe fèt avèk anpil onètete.

15 Pèsonn pa dwe konsidere yo tankou ti bagay piti; paske gen anpil bagay ki sere pou lavni, konsènan sen yo, ki depann sou bagay sa yo,

16 Nou konnen, frè m yo, yon gwo bato kapab “benefisyè anpil nan men yon ti gouvènay tou piti pandan yon move tan, si l manevre nan direksyon van an ak vag yo.

17 Se poutèt sa, chè byenneme frè m yo, se pou nou fè tout sa ki nan pouvwa nou avèk kè “kontan; epi apre sa nou kapab kanpe trankil, avèk asirans ki pi solid la, pou nou wè ^bsali Bondye, epi pou ponyèt li kapab aji.

SEKSYON 124

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resewa, nan Nauvoo, Illinois, 19 Janvyè 1841. Akoz pèsèkasyon ak aktivite ilegal dirijan leta yo te mennen kont yo, Sen yo te oblije kite Missouri. Gouvènè Missouri a, Lilburn W. Boggs, te bay lòd pou ekstèminasyon an, nan dat 27 Oktòb 1838, ki pa t ba yo okenn lòt chwà. An 1841, lè yo te resewa revelasyon sa a, vil Nauvoo a, ki te okipe plas ansyen vilaj Commerce, nan Illinois a, se Sen yo ki te bati l, epi se la katye jeneral Legliz la te tabli.

7a Moyiz 7:48-49.

8a GE Jouk.

9a D&A 98:13; 124:54.

12a Kol. 2:8;

D&A 76:75.

b 1 Ne. 8:21-23.

13a 1 Kor. 4:5.

16a Jak 3:4;

Alma 37:6-7;

D&A 64:33.

17a D&A 59:15.

b Egz. 14:13.

1-14, *Joseph te resewa kòmandman pou l fè yon pwoklamasyon solanèl konsènan levanjil la devan prezidan Etazini an, gouvènè yo, ak dirijan yo ki nan nasyon an; 15-21, Hyrum Smith, David W. Patten, Joseph Smith, papa a, ak lòt moun pami vivan yo ak mò yo beni poutèt entegrite yo ak vèti yo; 22-28, Sen yo resewa kòmandman pou yo bati yon kay amizman pou etranje yo ak yon tanp nan Nauvoo; 29-36, Batèm pou mò yo dwe fèt nan tanp yo; 37-44, Pèp Senyè a toujou bati tanp pou akonpli òdonans sakre yo; 45-55, Sen yo gen ekskiz pou yo pa bati tanp lan nan Konte Kanton poutèt opresyon ènmi yo; 56-83, Yo resewa direksyon pou bati Kay nan Nauvoo a; 84-96, Hyrum Smith resewa apèl kòm patriyach, pou l resewa kle, epi pou l pran plas Oliver Cowdery; 97-122, William Law ak lòt moun resewa konsèy nan travay yo; 123-145, Otorite Jeneral ak lokal resewa apèl, ansanm avèk devwa yo ak afilyasyon nan kowòm yo.*

AN verite, Senyè a di ou konsa, sèvitè m nan, Joseph Smith, m kontan avèk ofrann ou a ak rekonesans ou te bay la; paske se pou rezon sa a m te leve ou, pou m kapab montre lasajès mwèn pa mwayen bagay “fèb ki sou tè a.

2 Priyè ou yo akseptab devan mwèn; epi kòm repons pou yo m di ou, ou aple imedyatman

kounyeya pou ou fè yon pwoklamasyon solanèl konsènan levanjil mwèn an, ak “pye sa a m te plante kòm yon wòch kwen nan Siyon, ki pral poli avèk rafinman dapre resanblans yon palè.

3 Pwoklamasyon sa a dwe fèt devan tout “wa yo ki nan mond lan, nan kat kwen mond lan yo, devan prezidan onorab ki te lonmen an, ak gwo chèf gouvènè yo ki nan nasyon kote w ap viv la, ak devan tout nasyon sou tè a ki gaye toupatou.

4 Se pou sa ekri selon lespri “dou epi avèk pouvwa Sentespri a, ki pral avèk ou nan lè ou ap ekri bagay sa a;

5 Paske ou pral resewa sa nan men Sentespri a pou ou konnen volonte m konsènan wa sa yo ak otorite sa a, menm kisa ki pral rive yo nan tan ki pral vini an.

6 Paske, gade, m ap pare pou m aple yo pou yo kapab bay limyè ak laglwa Siyon an atansyon, paske tan fikse a rive an favè li.

7 Se poutèt sa, rele yo avèk yon pwoklamasyon ki fò, epi avèk temwayaj ou, pou w pa pè yo, paske yo tankou “zèb, epi tout laglwa yo tankou flè zèb yo ki pral tonbe talè konsa, pou yo kapab rete tou san ekskiz—

8 Epi pou m kapab al wè yo nan jou vizit la, lè wete vwal ki kouvri figi m nan, pou m bay opresè a pòsyon pa li pami ipokrit yo, kote gen “manje dan, si

124 1a 1 Kor. 1:26-28;
D&A 1:19; 35:13.
2a GE Pye.
3a Sòm 119:46;

Mat. 10:18; D&A 1:23.
4a GE Dou, dousè.
7a Sòm 103:15-16;
Eza. 40:6-8;

1 Pye 1:24-25.
8a Mat. 8:12;
Alma 40:13;
D&A 101:91; 112:24.

yo rejte sèvitè m yo ak temwayaj mwen m te revele ba yo a.

9 Epi ankò m pral vizite yo epi m pral touche kè yo, anpil ladan yo pou byen, pou ou kapab jwenn lagras devan je yo, pou yo kapab vini nan ^alimyè verite a, ak Janti yo pou yo egzalte ou-byen leve Siyon.

10 Paske jou vizit mwen an ap vini rapid rapid, nan yon ^alè w p ap panse; epi ki kote sekirite pèp mwen an, ak refij pou moun ki pral rete pami yo a pral ye?

11 Reveye nou, O wa yo ki sou tè a! vini, O, vini avèk lò nou yo ak lajan nou yo, pou ede pèp mwen an, nan kay pitit fi Siyon yo.

12 Epi ankò, an verite m di ou, se pou sèvitè m nan, Robert B. Thompson ede ou ekri pwoklamasyon sa a, paske m kontan avèk li, epi li ta dwe avèk ou;

13 Se poutèt sa, se pou l koute konsèy ou, epi m ap beni l avèk anpil anpil benediksyon; se pou l fidèl epi vrè nan tout bagay depi kounyeya, epi l ap gran devan je m;

14 Men, se pou l sonje m pral mande l rapò sou ^aresponsablite l.

15 Senyè a di, epi ankò, an verite m di ou, sèvitè m nan, ^aHyrum Smith beni; paske mwenmenm Senyè a, m renmen l poutèt ^bentegrite kè li, epi li renmen sa ki jis devan mwen.

16 Epi ankò, se pou sèvitè m

nan, John C. Bennett ede ou nan travay ou pou voye pawòl mwen bay wa yo ak pèp yo ki sou tè a, epi pou l kanpe bò kote ou, oumenm, sèvitè m nan, Joseph Smith, nan moman afliksyon ou; epi rekonpans li p ap manke si l resevwa ^akonsèy.

17 Senyè a di, epi poutèt amou li l ap vin gran, paske l ap pou mwen si l fè sa. M wè travay li te fè a, epi m aksepte l si l kontinye, epi m ap kouwone l avèk benediksyon ak gran laglwa.

18 Epi ankò, m di ou, se volonte m pou sèvitè m nan, Lyman Wight ta kontinye preche pou Siyon, nan lespri dou, pou l konfese mwen devan mond lan; epi m ap pote li tankou sete sou zèl yon ^aèg; epi l ap kreye laglwa ak onè pou tèt pa li nan non mwen.

19 Pou lè l fini travay li, m kapab resevwa l kote m, jan m te fè pou sèvitè m nan, ^aDavid Patten nan, ki avèk mwen kounyeya, ak sèvitè m nan ^bEdward Partridge, ak sèvitè m nan ki aje a, ^cJoseph Smith, papa a, ki chita ^aavèk Abraram bò kote dwat li, epi li beni epi li sen, paske li pou mwen.

20 Epi ankò, an verite m di ou, sèvitè m nan, George Miller san ^avis; moun kapab fè li konfyans poutèt entegrite kè li; epi poutèt lanmou li genyen pou temwayaj mwen an, mwen menm Senyè a, m renmen l.

9a Eza. 60:1–4.
GE Limyè, limyè Kris.

10a Mat. 24:44;
M—JS 1:48.

14a GE Entandan,
entandans.

15a GE Smith, Hyrum.
b GE Entegrite.

16a GE Konsèy (non).

18a Egz. 19:4;
Eza. 40:31.

19a D&A 124:130.

GE Patten, David W.
b GE Partridge, Edward.

c GE Smith, Joseph,
papa a.

d D&A 137:5.

20a GE Frod.

21 Senyè a di, se poutèt sa, m di ou, m sele ofis “episkopa a sou tèt li, tankou sèvitè m nan, Edward Partridge, pou l kapab resevwa konsekasyon kay mwen an, pou l kapab administre benediksyon sou tèt pòv yo pami pèp mwen an. Se pou pèsonn pa meprize sèvitè m nan, George, paske li pral onore m.

22 Se pou sèvitè m nan, George, ak sèvitè m nan Lyman, ak sèvitè m nan, John Snider, ak lòt moun bati yon “kay pou non mwen, youn jan sèvitè m nan, Joseph Smith pral montre yo a, nan plas li pral montre yo a tou.

23 Epi se pral yon pansyon, yon kay kote etranje yo kapab soti byen lwen pou yo vin loje; se poutèt sa li dwe yon bon kay, ki toutafè akseptab, pou “vwayajè ki fatige kapab jwenn sante ak sekirite pandan l ap kontanple pawòl Senyè a; ak wòch ^bkwen an m te tabli pou Siyon an.

24 Kay sa a dwe yon kay ki konfòtab epi li dwe bati nan non mwen, si gouvènè ki tabli sou tèt li a aksepte pou okenn salte pa antre ladan l. L ap sen, oubyen Senyè Bondye nou an p ap rete ladan.

25 Epi ankò, an verite m di ou, se pou tout sen mwen yo vin soti byen lwen.

26 Epi voye mesajè ki rapid, wi, chwazi mesajè epi di yo: Vini

avèk tout lò nou yo, ak lajan nou yo, ak bijou chè nou yo, epi ak tout bagay antik nou yo; epi tout moun ki gen konesans konsènan antikite, ki vle vini, yo kapab vini pou yo pote bui, ak sapen, ak bwapen, ansanm ak tout pyebwa presye latè yo.

27 Epi avèk fè, avèk kwiv, avèk eren, avèk zenk, epi avèk tout bagay chè nou genyen sou tè a; epi bati yon “kay pou non mwen, pou Bondye Ki Pi Wo a ^babite ladan l.

28 Paske pa gen okenn plas sou tè a li kapab vini pou l “tabli pou nou ankò sa ki te pèdi a, oubyen sa li te wete a, prètriz toutantye a menm.

29 Paske pa gen yon fon “batismo sou tè a, kote pou, sen mwen yo kapab ^bbatize pou moun ki te mouri yo—

30 Paske òdonans sa a se pou kay mwen an, epi li p ap akseptab pou mwen, eksepte nan jou povrete nou yo, lè nou pa kapab bati yon kay pou mwen.

31 Men, m kòmande nou tout sen mwen yo pou “bati yon kay pou mwen; epi m akòde nou ase tan pou nou bati yon kay pou mwen; epi pandan lè sa a batèm nou yo ap akseptab pou mwen.

32 Senyè Bondye nou an di, men gade, alafen angajman sa a, batèm pou mò nou yo p ap akseptab pou mwen; epi si nou

21a D&A 41:9.

GE Evèk.

22a D&A 124:56–60.

23a Det. 31:12;

Mat. 25:35, 38.

^b D&A 124:2.

27a D&A 109:5.

GE Tanp, kay Senyè a.

^b Egz. 25:8;

D&A 97:15–17.

28a GE Retablisman
levanjil la.

29a D&A 128:13.

^b 1 Kor. 15:29;

D&A 127:6; 138:33.

GE Batèm, batize—

Batèm pou mò yo;

Sali pou mò.

31a D&A 97:10.

pa fè bagay sa yo alafen angajman an m ap rejte nou kòm yon legliz, avèk tout mò nou yo.

33 Paske an verite m di nou, apre nou fin gen ase tan pou nou bati yon kay pou mwen, kote òdonans batèm pou mò yo dwe fèt, epi pou batèm sa a tanp la te tabli depi anvan fondasyon mond lan, batèm pou mò nou yo p ap kapab akseptab devan mwen;

34 Paske “kle prètriz sen yo òdone ladan l pou nou kapab resevwa onè ak laglwa.

35 Senyè a di, epi apre lè sa a, batèm pou mò nou yo, moun ki dispèse lòt kote yo pral fè yo p ap akseptab pou mwen.

36 Paske sa dwe fèt nan Siyon, ak nan pye li yo, ak nan Jerizalèm, kote sa yo m tabli kòm “refij yo, se pral plas pou batèm pou mò nou yo.

37 Epi ankò, an verite m di nou, kòman “lavman nou yo ap fè akseptab pou mwen si nou pa akonpli yo nan yon kay nou bati nan non mwen?

38 Paske, se poutèt rezon sa a m te kòmande Moyiz pou l bati yon “tabènak, pou yo te pote l avèk yo nan dezè a, epi pou yo bati yon ^bkay nan tè pwomiz la, pou òdonans sa yo ki te la depi anvan mond lan te egziste a kapab revele.

39 Se poutèt sa, an verite m di

nou, “onksyon nou yo, ak lavman nou yo, ak ^bbatèm nou yo pou mò yo, ak ^casanble solanèl nou yo, ak souvni nou yo pou ^dsakrifis nou yo pitit gason Levi yo pral fè yo, ak pryè nou yo nan plas ki pi ^esen nou yo kote nou resevwa konvèsasyon yo, regleman ak jijman nou yo, pou kòmansman revelasyon ak fondasyon Siyon yo, epi pou laglwa, onè, ak dotasyon tout branch li yo, òdone avèk òdonans kay sen mwen an, m toujou kòmande pèp mwen an pou yo bati nan non sen mwen an.

40 Epi an verite m di nou, se pou kay sa a bati nan non mwen, pou m kapab revele òdonans mwen yo ladan l pou pèp mwen an;

41 Paske m vle “revele bay legliz mwen an bagay ki te rete ^bkache depi anvan fondasyon mond lan, bagay ki gen rapò avèk dispansasyon ^ctoutantye tan yo.

42 Epi “m pral montre sèvitè m nan, Joseph, tout bagay ki gen rapò avèk kay sa a, ak prètriz ki ladan l nan, ak plas kote l pral bati a.

43 Epi nou dwe bati l nan plas nou te kontanple pou nou bati l la, paske se kote m te chwazi pou nou bati l la.

44 Si nou travay avèk tout

34a D&A 110:14–16.

GE Kle prètriz la.

36a Eza. 4:5–6.

37a GE Lave, Lavman.

38a Egz. 25:1–9; 33:7.

GE Tabènak.

^b GE Tanp, kay Senyè a.

39a Egz. 29:7.

GE Wen.

^b GE Òdonans yo—

Òdonans pa

pwokirasyon.

^c D&A 88:117.

^d D&A 13; 84:31; 128:24;

^e I—JS 1:69.

Ezek. 41:4;

D&A 45:32;

87:8; 101:22.

41a AL 1:9.

^b D&A 121:26–32.

^c Efe. 1:9–10;

D&A 27:13; 112:30.

42a D&A 95:14–17.

pouvwa nou, m ap konsakre kote sa a pou m fè l vin ^asen.

45 Epi si pèp mwen an koute vwa m, ak vwa ^asèvitè m yo m tabli pou dirije pèp mwen an, gade, an verite m di nou, moun p ap deplase yo nan plas yo a.

46 men, si yo pa koute vwa m ni vwa moun sa yo m tabli yo, yo p ap beni, paske yo souye teren sen mwen yo, ak òdonans sen mwen yo, regleman yo, ak pawòl sen mwen yo m te ba yo a.

47 Senyè a di, epi se pral konsa si nou bati yon kay nan non mwen, epi nou pa fè bagay m di yo, m p ap akonpli ^aalyans m fè avèk nou yo, ni tou m p ap akonpli pwomès n ap rete tann nan men m yo.

48 Senyè a di, paske, nan ^aplas benediksyon, avèk zèv pa nou, nou rale malediksyon, kòlè, endiyasyon, ak jijman sou pwòp tèt pa nou, akoz foli nou yo, epi akoz abominasyon nou yo nou pratike devan mwen.

49 An verite, an verite, m di nou, lè m bay nenpòt nan pitit lèzòm yo yon kòmandman pou yo fè yon travay nan non mwen, epi pitit lèzòm sa yo ale avèk tout pouvwa yo, epi avèk tout sa yo genyen pou yo akonpli travay sa a, epi yo pa sispann ^adilijans yo, epi ènmi yo vini sou yo pou anpeche yo akonpli travay sa a, gade, se nesèsè pou m pa ^begzye travay

sa a nan men pitit lèzòm sa yo ankò, men, pou m aksepte ofrann yo.

50 Epi Senyè Bondye a di, m ap ^avanje inikite ak transgresyon lalwa sen ak kòmandman m yo sou tèt moun ki te anpeche travay mwen yo, jouk nan twazyèm ak katriyèm ^bjenerasyon, toutotan yo pa ^crepanti, epi yo rayi m.

51 Senyè Bondye nou an di konsa, se poutèt sa, pou rezon sa a m aksepte ofrann moun m te kòmande pou bati yon vil ak yon ^akay nan non mwen yo, nan ^bKonte Jackson, Missouri, epi ènmi yo te anpeche yo a.

52 Epi Senyè Bondye nou an di, m ap repann ^ajijman, kòlè, ak endiyasyon, manje dan sou tèt yo, jouk nan twazyèm ak katriyèm jenerasyon, touttan yo pa repanti, epi yo rayi mwen.

53 Epi Senyè Bondye nou an di, men yon egzanp m ap ba nou, pou konsolasyon nou konsènan tout moun ki te resevwa kòmandman pou yo fè yon travay epi men ènmi yo te anpeche yo, epi pa mwayen opresyon.

54 Paske, Senyè di, M se Senyè Bondye nou an, epi m ap sove tout frè nou yo ki gen kè ^apwòp, moun te ^btouye nan Missouri.

55 Epi ankò, an verite m di nou, m kòmande nou ankò pou nou bati yon ^akay nan non

44a GE Sen (adj).

45a D&A 1:38.
GE Pwofèt.

47a GE Sèman.

48a Det. 28:15.

49a GE Dilijans.

b D&A 56:4; 137:9.

50a Mozya 12:1.

b Det. 5:9;
D&A 98:46–47.

c GE Repantans,
repanti.

51a D&A 115:11.

b GE Konte Jackson,

Missouri (Etazini Damerik).

52a D&A 121:11–23.

54a GE Pi, pite.

b D&A 98:13;
103:27–28.

55a D&A 127:4.

mwen, nan plas sa a menm, pou nou kapab ^bjistifye tèt nou devan m pou montre nou fidèl nan tout bagay m kòmande nou, pou m kapab beni nou, epi kouwone nou avèk onè, imòtalite ak lavi etènèl.

56 Epi kounyeya m di nou, konsènan ^akay pou pansyon m te mande nou bati pou pansyonè etranje yo, se pou l bati nan non mwen, epi se pou non mwen ekri sou li, epi se pou sèvitè m nan, Joseph ak moun lakay li gen plas ladan l, depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon.

57 Paske m mete onksyon sa a sou tèt li, pou benediksyon li plase sou tèt pitit pitit li yo apre li.

58 Epi jan m te di ^aAbraram konsènan fanmi yo ki sou tè a, se konsa m di sèvitè m nan, Joseph: nan ou menm ak nan ^bdesandan ou yo fanmi yo ki sou tè a pral beni.

59 Senyè a di, se poutèt sa, se pou sèvitè m nan, Joseph ak desandan li yo apre li gen plas nan kay sa a, depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon, pou toujou ajamè.

60 Epi se pou non kay sa a rele Kay Nauvoo; epi li dwe yon bon abitasyon pou moun, epi yon plas repo pou vwayajè ki fatige, pou yo kapab kontanple laglwa Siyon, ak laglwa kote sa a, pwen santral li;

61 Pou vwayajè yo kapab rese-

vwa konsèy nan men moun m tabli kòm ^aplantasyon ki gen re-nome yo, epi kòm ^bsantinèl sou miray li yo.

62 Gade, an verite m di, se pou sèvitè m nan George Miller, ak sèvitè m nan Lyman Wight, ak sèvitè m nan John Snider, ak sèvitè m nan Peter Haws, òganize tèt yo, epi pou yo lonmen youn pami yo kòm prezidan sou tèt kowòm yo a nan objektif pou yo bati kay sa a.

63 Epi yo dwe fòme yon komite, kote yo kapab resevwa kotizasyon pou bati kay la.

64 Epi yo pa dwe resevwa mwens pase senkant dola kòm kotizasyon nan kay sa a, epi yo dwe gen pèmision pou yo resevwa kenz mil dola nan men nenpòt moun kòm kotizasyon nan kay sa a.

65 Men, yo pa dwe gen pèmision pou yo resevwa plis pase kenz mil dola kotizasyon nan men okenn moun.

66 Epi yo pa dwe gen pèmision pou yo resevwa mwens pase senkant dola kòm kotizasyon nan men okenn moun nan kay sa a.

67 Epi yo pa dwe gen pèmision pou yo resevwa okenn moun k ap investi nan kay sa a san moun nan pa peye yo kotizasyon li pandan l ap resevwa pati pal;

68 Epi pou kantite kotizasyon li peye a, li dwe resevwa yon pòsyon nan kay sa a; men ki

55^b Abr. 3:25.
56^a D&A 124:22-24.
58^a Jen. 12:3; 22:18;
Abr. 2:11.

GE Abraram.
^b D&A 110:12.
GE Alyans
Abraram.

61^a Eza. 61:3;
Ezek. 34:29.
^b GE Santinèl, veye.

koressonn ak sa li bay la si l pa peye yo anyen, li pa dwe resevwa okenn pòsyon nan kay sa a.

69 Epi Senyè Bondye ou la di konsa, si nenpòt moun peye yo kotizasyon li, se pral pou dwa l nan kay sa a; pou tèt pa l ak pou jenerasyon apre li a, depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon, toutotan limenm ak eritye li yo kenbe dwa sa a, epi yo pa vann oubyen bay dwa yo avèk pwòp volonte pa yo, si nou fè volonte mwen.

70 Epi ankò, an verite m di nou, si sèvitè m nan George Miller, ak sèvitè m nan Lyman Wight, ak sèvitè m nan, John Snider, ak sèvitè m nan, Peter Haws, resevwa nenpòt kotizasyon, an lajan oubyen an pwopriyete kote yo resevwa valè reyèl pou lajan an, yo pa dwe depanse okenn pòsyon nan lajan sa a pou okenn lòt bagay, eksepte pou kay sa a.

71 Epi Senyè Bondye a di, si yo depanse nenpòt pòsyon nan kotizasyon sa a nan nenpòt lòt bagay, san konsantman mèt dwa a, epi yo pa peye kat fwa plis pou kotizasyon yo depanse yon lòt kote a, y ap modi, epi m ap wete yo nan plas yo a; paske mwen menm Senyè a, m se Bondye, epi moun pa kapab "moke m nan okenn bagay sa yo.

72 Senyè a di, an verite m di nou, se pou sèvitè m nan, Joseph peye yo kotizasyon nan men yo pou bati kay sa a, jan lide l di l; men sèvitè m nan, Joseph pa

kapab peye plis pase kenx mil dola kotizasyon nan kay sa a, ni mwens pase senkant dola; ni tou okenn lòt moun pa kapab.

73 Epi gen lòt moun tou ki vle konnen volonte m konsènan yo, paske yo te mande m.

74 Se poutèt sa, m di ou konsènan sèvitè m nan, Vinson Knight, si l vle fè volonte m, se pou l mete kotizasyon nan kay sa a pou tèt pa l, epi pou jenerasyon apre li, depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon.

75 Senyè a di, epi se pou l leve vwa l lontan epi fò nan mitan pèp la, pou l "plede kòz pòv yo ak moun ki nan nesite yo; li pa dwe manke fè sa, ni tou li pa dwe fayi; epi m ap ^baksepte nan ofrann li yo, paske yo p ap tankou ofrann Kayen yo devan mwen, paske l ap pou mwen.

76 Senyè a di, se pou fanmi sa a rejwi epi pou yo tounen kè yo lwen afliksyon; paske m chwazi l epi m ba li onksyon, epi l ap onore nan mitan lakay li, paske m ap padone tout peche li yo.

77 An verite m di ou, se pou sèvitè m nan, Hyrum, mete kotizasyon nan kay sa a jan lide l di l, pou tèt pa l ak jenerasyon l li apre, depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon.

78 Se pou sèvitè m nan, Isaac Galland mete kotizasyon nan kay sa a, paske mwen menm, Senyè a, m renmen l poutèt travay li te fè, epi m ap padone l tout peche l yo; se pou yo sonje l kòm yon enterè nan kay sa a

71a Gal. 6:7.
75a Pwov. 31:9.

b Jen. 4:4–5;
Moyiz 5:18–28.

depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon.

79 Se pou sèvitè m nan, Isaac Galland lonmen pami nou, epi se pou sèvitè m nan, William Marks òdone l, epi pou l beni l, pou l ale avèk sèvitè m nan, Hyrum pou akonpli travay sèvitè m nan, Joseph montre yo, epi y ap beni anpil.

80 Se pou sèvitè m nan, William Marks, peye kotizasyon nan kay sa a, jan lide l di l, pou tèt pa l ak jenerasyon l, depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon.

81 Se pou sèvitè m nan, Henry G. Sherwood, peye kotizasyon nan kay sa a, jan lide l di l, pou tèt pa l ak desandan l yo apre li, depi nan yon jenerasyon jis nan yon lòt jenerasyon.

82 Se pou sèvitè m nan, William Law, peye kotizasyon nan kay sa a, pou tèt pa l ak desandan l yo apre li, depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon.

83 Si l vle fè volonte m, li pa dwe mennen fanmi l nan peyi lès yo, sa vle di nan Kirtland; Sepandan, mwenmenm Senyè a, m ap bati Kirtland, men, mwenmenm Senyè a, m gen yon epidemi ki prepare pou abitan ki ladan l yo.

84 Epi avèk sèvitè m nan, Almon Babbitt, gen anpil bagay ki pa fè m plezi; gade, li aspire pou l bati konsèy pa li nan plas konsèy m te òdone a, konsèy

Prezidans Legliz mwen an menm; epi li tabli yon jèn bèf “annò pou pèp mwen an adore.

85 Pèsonn ki te “vini isit la pou eseye respekte kòmandman m yo pa dwe kite isit la.

86 Si yo viv isit la se pou yo viv pou mwen; epi si yo mouri se pou yo mouri pou mwen; paske yo pral “repoze nan tout travay yo isit la, epi yo pral kontinye zèv yo.

87 Se poutèt sa, se pou sèvitè m nan, William mete konfyans li nan mwen, epi pou l sispann gen lakrent konsènan fanmi li, poutèt maladi ki nan peyi a. Si nou “renmen mwen, kenbe kòmandman m yo; epi maladi ki nan peyi a ap ^bajoute sou la-glwa nou.

88 Senyè a di, se pou sèvitè m nan, William, ale pwoklame levanjil etènèl mwen an avèk yon vwa fò, epi avèk anpil lajwa, dapre jan “Lespri a enspire l, devan abitan Warsaw yo, epi tou devan abitan Carthage yo, ak devan abitan Burlington yo, epi tou devan abitan Madison yo, epi pou l ret tann avèk pasyans epi avèk dilijans pou enstrikasyon adisyonèl nan konferans jeneral mwen an.

89 Si l vle fè volonte m, depi kounyeya se pou l koute konsèy sèvitè m nan, Joseph, epi pou l sipòte avèk enterè pa li, ^akòz pòv yo, epi pou l pibliye ^bnouvo tradiksyon pawòl sen mwen a an ba abitan yo ki sou tè a.

84^a Egz. 32:2–4.

85^a Lik 9:62.

86^a Apok. 14:13.

GE Paradi; Repo.

87^a Jan 14:15.

^b D&A 121:8; 122:7.

88^a GE Bondye,

Divinite—Bondye,

Sentespri a.

89^a D&A 78:3.

^b svd Tradiksyon Bib la

Joseph Smith te fè a.

90 Epi si l fè sa, m ap ^abeni l avèk yon pakèt benediksyon li p ap bliye, ni tou desandan li yo p ap tonbe nan ^bmandisite.

91 Epi ankò, an verite m di ou, se pou sèvitè m nan, William chwazi, pou l òdone, epi pou l resevwa onksyon kòm konseye sèvitè m nan, Joseph, nan plas sèvitè m nan, Hyrum, pou sèvitè m nan, Hyrum kapab pran ofis Prètriz ak ^aPatriyach papa l te ba li a pa mwayen benediksyon epi ak dwa legla;

92 Pou depi kounyeya, li kapab kenbe kle benediksyon ^apatriyakal yo sou tèt tout pèp mwen an,

93 Pou nenpòt moun li beni kapab beni, epi nenpòt moun li ^amodi kapab modi; pou nenpòt bagay li ^bmare sou tè a kapab mare nan syèl la tou; epi nenpòt bagay li demare sou tè a kapab demare nan syèl la tou.

94 Epi depi kounyeya m chwazi l pou l kapab yon pwo-fèt, yon ^avwayan, ak yon revelatè pou legliz la, ansanm avèk sèvitè m nan, Joseph;

95 Pou l kapab aji an amoni tou avèk sèvitè m nan, Joseph; epi tou pou l kabab resevwa konsèy nan men sèvitè m nan, Joseph, ki pral montre l ^akle li kapab itilize pou l mande epi pou l resevwa, epi pou l kou-wone avèk menm benediksyon,

ak laglwa, ak onè, ak prètriz, ak don prètriz, m te mete yon fwa sou moun sa a ki te sèvitè m nan, ^bOliver Cowdery;

96 Pou sèvitè m nan, Hyrum, kapab rann temwayaj konsè-nan bagay m pral montre l yo, pou non li rete kòm yon souvni onorab depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lot jenerasyon, pou toujou ajamè.

97 Se pou sèvitè m nan, William Law resevwa kle pou l itilize pou l kapab mande epi pou l kapab resevwa benediksyon yo tou; se pou l gen ^aimilite devan mwen, epi pou l san ^bdefo, epi l ap resevwa nan Lespri mwen an, ^cKonsolatè a menm, ki pral manifeste verite ki nan tout bagay m ba li, epi m pral ba li sa pou l di nan moman pou l di l la.

98 Epi ^asiy sa yo pral suiv li—li pral ^bgeri malad, li pral chase dyab, epi li pral delivre anba moun ki ta ba li pwazon;

99 Epi m ap dirije l nan chemen kote sèpan ^apwazonnen pa kapab pike talon l, epi l ap monte nan ^bimajinasyon panse l tankou sete sou zèl èg.

100 Epi kisa ki genyen si m ta vle l leve moun ki mouri, se pou l pa sispann pale.

101 Senyè Bondye nou an di, se poutèt sa, se pou sèvitè m nan, William, rele fò epi pou l pa ralanti, epi avèk louwanj pou

90^a GE Benediksyon, beni.
b Sòm 37:25.

91^a D&A 107:39–40.
GE Patriyach,
patriyakal.

92^a GE Benediksyon
patriyakal yo.

93^a D&A 132:45–47.

b Mat. 16:19.

GE Sele, sèlman.

94^a D&A 107:91–92.

GE Vwayan.

95^a D&A 6:28.

b GE Cowdery, Oliver.

97^a GE Enb, imilite.

b GE Frod.

c GE Konsolatè.

98^a Mak 16:17–18.

GE Don Lespri yo.

b GE Geri, gerizon.

99^a D&A 84:71–73.

b Egz. 19:4;

Eza. 40:31.

moun ki chita sou twòn nan pou toujou ajamè a.

102 Gade, m di ou, m gen yon misyon ki rezève pou sèvitè m nan, William, ak sèvitè m nan, Hyrum, epi se pou yomenm sèlman; epi se pou sèvitè m nan, Joseph rete lakay li, paske yo bezwen l. M ap montre l rès la apre. Mwen di. Amèn.

103 Epi ankò, an verite, m di ou, si sèvitè m nan, “Sidney vle sèvi m pou l vin yon konseye pou sèvitè m nan, Joseph, se pou l leve vini epi pou l kanpe nan ofis apèl li a, epi pou l gen imilite devan mwen.

104 Epi si l ofri m yon sakrifis ki akseptab, ak rekonesans, epi l rete avèk pèp mwen an, gade, mwenmenm Senyè Bondye w la, m ap geri l pou l kapab geri; epi l ap leve vwa l ankò sou mòn yo, epi l ap vin tounen yon “pòtpawòl devan fas mwen.

105 Se pou l vini epi pou l mete fanmi li rete nan vwazinaj kote sèvitè m nan, Joseph, rete a.

106 Epi nan tout vwayaj li yo se pou l leve vwa l kòm si se te avèk vwa yon twonpèt, epi pou l avèti abitan yo ki sou tè a pou yo dezète lwen kòlè ki pral vini an.

107 Se pou l asiste sèvitè m nan, Joseph, epi tou se pou sèvitè m nan, William Law ede sèvitè m nan, Joseph, pou l fè yon “pwoklamasyon solanèl devan wa yo ki sou tè a, menm jan m te di ou anvan an.

108 Si sèvitè m nan, Sidney vle fè volonte m, se pou l pa deplase fanmi l ale nan zòn “lès yo, men, se pou l chanje abitasyon yo jan m te di a menm.

109 Gade, se pa volonte m pou l chèche jwenn sekirite ak refij an deyò vil m te tabli nou an, vil “Nauvoo a menm.

110 An verite m di ou, menm kounyeya, si l koute vwa m, sa ap bon pou li. Se konsa sa ye. Amèn.

111 Epi ankò, an verite m di ou, se pou sèvitè m nan, Amos Davies peye moun m te chwazi yo kotizasyon pou bati yon kay pou pansyon an, kay Nauvoo a menm.

112 Se sa pou l fè si l vle gen yon enterè; epi se pou l koute konsèy sèvitè m nan, Joseph, epi pou l travay avèk pwòp men pa l pou l lèzòm kapab gen konfyans nan li.

113 Epi lè l pwouve tèt li fidèl nan tout bagay yo mete sou kont li yo, wi, menm kèk bagay, y ap mete l “dirijan sou anpil bagay;

114 Se poutèt sa, se pou l “bese tèt li pou l kapab egzalte. Se konsa sa ye. Amèn.

115 Epi ankò, an verite m di ou, si sèvitè m nan, Robert D. Foster vle obeyi vwa mwen, se pou l bati yon kay pou sèvitè m nan, Joseph, dapre kontra li te fè avèk li a, jan pòt la louvri pou li tanzantan.

116 Epi se pou l repanti nan

103a GE Rigdon, Sidney.

104a Egz. 4:14–16;
2 Ne. 3:17–18;
D&A 100:9–11.

107a D&A 124:2–4.

108a D&A 124:82–83.

109a GE Nauvoo, Illinoise
(Etazini Damerik).

113a Mat. 25:14–30.

114a Mat. 23:12;
D&A 101:42.

tout foli l yo, epi pou l abiye tèt li avèk ^acharite; epi pou l sispann fè mal, epi pou l mete tout move pawòl li yo sou kote;

117 Epi pou l peye komite kowòm Kay Nauvoo a kotizasyon tou, pou tèt pa l ak jenerasyon apre l yo, depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lot jenerasyon;

118 Epi pou l koute konsèy sèvitè m yo, Joseph ak Hyrum, ak William Law, ak otorite m te ap pou poze fondasyon Siyon yo; epi sa ap bon pou li pou toujou ajamè. Se konsa sa ye. Amèn.

119 Epi ankò, Senyè Bondye w la di konsa, an verite m di ou, pèsonn pa dwe peye kowòm Kay Nauvoo kotizasyon si li pa kawè nan Liv Mòmmon an, ak revelasyon m te ba ou yo;

120 Senyè Bondye w la di, paske nenpòt sa ki mwens oubyen ki ^aplis pase sa soti nan sa ki mal, epi l ap pote malediksyon nan plas benediksyon. Se konsa sa ye. Amèn.

121 Epi ankò, an verite m di ou, se pou kowòm Kay Nauvoo a gen yon bon rekonpans pèyman pou tout travay yo fè nan Kay Nauvoo a; epi se pou rekonpans yo egal avèk sa yo deside ant yo menm, dapre pri a.

122 Epi Senyè a di, se pou chak moun ki peye kotizasyon sipòte pati pa l nan pèyman yo a, si sa nesèsè, pou sipò yo; san

sa, travay yo dwe konsidere kòm kotizasyon nan kay sa a. Se konsa sa ye. Amèn.

123 An verite m di nou, kounyeya m ba nou ^aofisye yo ki nan prèttriz mwen an, pou nou kapab gen ^bkle yo, Prèttriz ki dapre lòd ^cMèlkisedèk la menm, ki dapre lòd Sèl Pitit Gason Literal mwen an.

124 Premyèman, m ba nou Hyrum kòm ^aPatriyach pou nou, pou kenbe benediksyon ^bsèlman legliz mwen an, Sentespri ^cpwomès la menm, ki pou ^dsele nou nan jou redanmsyon an, pou nou kapab pa tonbe malgre ^elè tantasyon ki kapab vini sou nou an.

125 Mwen dako pou ou, sèvitè m nan, Joseph Smith vin ansyen ki prezide sou tout legliz mwen an, tradiktè, revelatè, ^avwayan, epi pwofèt.

126 Kòm konseye, m ba li sèvitè m nan, Sidney Rigdon ak sèvitè m nan, William Law, pou moun sa yo kapab fòme yon kowòm ak Premye Prezidans la, pou yo resevwa ^arevelasyon pou tout legliz la.

127 Mwen dako pou sèvitè m nan, ^aBrigham Young, vin prezidan sou tèt Konsèy douz k ap vwayaje yo;

128 ^aDouz sa yo ki gen kle pou louvri otorite wayòm mwen an nan kat kwen tè a, epi apre sa pou ^bvoye pawòl mwen bay chak kreyati.

116^a Kol. 3:14.

GE Charite.

120^a Mat. 5:37;

D&A 98:7.

123^a GE Ofis, ofisye.

^b GE Kle prèttriz la.

^c GE Prèttriz Mèlkisedèk.

124^a GE Patriyach,

patriyakal.

^b GE Sele, sèlman.

^c D&A 76:53; 88:3-4.

GE Sentespri

pwomès la.

^d Efe. 4:30.

^e Apok. 3:10.

125^a D&A 21:1.

GE Vwayan.

126^a D&A 90:4-5.

127^a GE Young, Brigham.

128^a GE Apot.

^b Mak 16:15.

129 Yo se Heber C. Kimball, Parley P. Pratt, Orson Pratt, Orson Hyde, William Smith, John Taylor, John E. Page, Wilford Woodruff, Willard Richards, George A. Smith;

130 M ^apran ^bDavid Patten avèk mwen; gade, pèsonn pa pran prèttriz li a nan men l; men, an verite, m di nou, nou kapab chwazi yon lòt moun nan menm apèl la.

131 Epi ankò, m di nou, m ba nou yon “gran konsèy kòm wòch kyon—

132 Non yo se: Samuel Bent, Henry G. Sherwood, George W. Harris, Charles C. Rich, Thomas Grover, Newel Knight, David Dort, Dunbar Wilson—m pran Seymour Brunson avèk mwen; pèsonn pa pran prèttriz li a, men, nou kapab chwazi yon lòt moun nan plas li; epi an verite, m di nou, se pou sèvitè m nan, Aaron Johnson òdone nan apèl sa a nan plas li—David Fullmer, Alpheus Cutler, William Huntington.

133 Epi ankò, m ba nou Don C. Smith kòm prezidan sou tèt kowòm gran prèt yo;

134 Odinasyon sa a ki te tabli nan objektif pou kalifye moun yo ki pral chwazi kòm prezidan sou plas oubyen sèvitè sou tèt diferan “pye ki dispèse tout kote;

135 Epi Senyè Bondye nou an di, yo kapab vwayaje tou si yo chwazi pou fè sa, men, yo òdone kòm prezidan sou plas nan ofis sa a; se ofis apèl yo sa.

136 Senyè a di, m ba li Amasa Lyman ak Noah Packard kòm konseye, pou yo kapab prezide sou tèt kowòm gran prèt legliz mwen an.

137 Senyè a di, epi ankò, m di nou, m ba nou John A. Hicks, Samuel Williams, ak Jesse Baker pou prèttriz yo a kapab prezide sou tèt kowòm “ansyen yo, kowòm sa a ki tabli pou ministè ki sou plas; sepandan, yo kapab vwayaje, malgre yo te òdone kòm minis ki sou plas nan legliz mwen an.

138 Epi ankò, m ba nou Joseph Young, Josiah Butterfield, Daniel Miles, Henry Herriman, Zera Pulsipher, Levi Hancock, James Foster pou prezide sou tèt kowòm “swasanndis yo;

139 Kowòm sa a ki te tabli kòm ansyen k ap vwayaje yo pou rann temwayaj konsènan non mwen nan tout mond lan, nenpòt kote gran konsèy vwayajè a, apot mwen yo, voye yo pou prepare yon chemen devan fas mwen.

140 Senyè Bondye nou an di, diferans ki genyen ant kowòm sa a avèk kowòm ansyen yo, youn dwe vwayaje tout tan, epi lòt la dwe prezide sou legliz la tanzantan; youn gen responsablite pou prezide tanzantan, epi lòt la pa gen responsablite pou prezide.

141 Epi ankò, m di nou, m ba nou Vinson Knight, Samuel H. Smith, ak Shadrach Roundy, si l vle resevwa l, pou dirije sou tèt

130a D&A 124:19.

b GE Patten, David W.

131a GE Gran Konsèy.

134a GE Pye.

137a D&A 107:11–12,

89–90.

GE Ansyen, Èldè;

Kowòm.

138a GE Swasanndis.

“episkopa a; ou resevwa yon konesans konsènan episkopa nan liv ^bDoktrin ak Alyans yo.

142 Epi ankò, m di ou konsa, Samuel Rolfe ak konseye l yo kòm prèt, epi prezidan enstriktè yo, ak konseye l yo, epi tou prezidan dyak yo ak konseye l yo, ak prezidan pye a ak konseye l yo.

143 M ba ou ofis ki te site yo, ak kle yo, kòm èd epi pou gouvènman, pou travay ministè li a ak “pèfeksyon sen mwen yo.

144 Epi m ba ou yon kòmandman, pou ou ranpli tout ofis sa yo epi pou w “apwouve non sa yo m te mansyone yo, oubyen dezapwouve yo pandan konferans jeneral mwen an;

145 Senyè Bondye nou an di konsa, epi pou ou prepare chanm pou tout ofis sa yo nan kay mwen an lè ou bati l nan non mwen. Se konsa sa ye. Amèn.

SEKSYON 125

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa, nan Nauvoo, Illinois, Mas 1841, konsènan Sen yo ki nan teritwa Iowa a.

1–4, *Sen yo dwe bati vil pou yo rasanble nan pye Siyon yo.*

KISA ki volonte Senyè a konsènan sen yo ki nan teritwa Iowa a?

2 An verite, Senyè a di, m di w, si moun ki “pote non mwen yo epi k ap eseye vin tounen sen mwen yo, si yo vle fè volonte m epi si yo respekte kòmandman m yo pou tèt pa yo, se pou yo rasanble tèt yo ansanm nan plas m te tabli pou yo pa mwayen sèvitè m nan, Joseph la, epi pou yo bati

vil nan non mwen, pou yo kapab prepare pou sa ki rezève pou tan k ap vini.

3 Se pou yo bati yon vil nan non mwen sou tè ki anfas avèk vil Nauvoo a, epi se pou yo mete non “Zarayemla sou li.

4 Epi Senyè a di, se pou tout moun ki soti nan lès, ak nan lwès, ak nan nò, ak nan sid, ki vle abite nan vil sa a, pran eritaj ladan l, tankou nan vil “Nashville la, oubyen vil Nauvoo a, ak tout ^bpye m tabli yo.

SEKSYON 126

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa lakay Brigham Young,

141a D&A 68:14;
107:15.
b GE Doktrin ak
Alyans yo.
143a Efe. 4:11–14.

144a D&A 26:2.
GE Konsantman
jeneral.
125 2a GE Jezikri—Pran
non Jezikri

avèk nou.
3a GE Zarayemla.
4a svd Nashville,
Konte Lee, Iowa.
b GE Pye.

nan Nauvoo, Illinois, 9 Jiyè 1841. Nan epòk sa a Brigham Young te Prezidan Kolèj Douz Apot yo.

1-3, *Brigham Young jwenn konpliman pou travay li epi yo wete l anba obligasyon pou l vwayaje nan peyi etranje a lavni.*

CHÈ frè byenneme m nan, "Brigham Young, an verite Senyè a di ou: Sèvitè m nan, Brigham, ou pa oblije kite fanmi ou yo ankò

jan ou te konn fè a, paske ofrann ou an akseptab devan mwen.

2 M wè "travay ou ak sakrifis ou nan vwayaj pou non mwen.

3 Se poutèt sa m kòmande ou pou ou voye pawòl mwen ale tout kote, epi pou ou bay "fanmi ou swen espesyal depi kounyeya epi pou tout tan. Amèn.

SEKSYON 127

Yon lèt Joseph Smith, Pwofèt la te ekri voye bay Sen Dènnye Jou yo, nan Nauvoo, Illinois, ki gen direksyon konsènan batèm pou mò yo, ki date 1e Septanm 1842.

1-4, *Joseph Smith glorifye nan pèsekisyon ak tribilasyon li yo; 5-12, Rejis konsènan batèm pou mò yo dwe konsève.*

TOUTOTAN Senyè a revele m ènmi m yo, ni nan Missouri ak nan Eta sa a, ap pousuiv mwen ankò san rezon; epi toutotan yo pousuiv mwen san "rezon, epi yo pa gen yon ti lonbraj oubyen okenn koulè la jistis oubyen dwa an favè yo pou yo kanpe nan jijman kont mwen; epi toutotan pretansyon yo fonde sou foste devan je ki pi avèg la, m panse se nesèsè epi se saj pou m kite zòn nan pou yon ti tan, pou pwoteksyon pa m ak pwoteksyon pèp sa a. M vle di tout moun ki an afè avèk mwen, m

kite zafè mwen nan men ajan ak sekretè ki pral ranje tout tranzaksyon nan yon fason rapid ki apwopriye, epi ki pral peye tout dèt san delè, ki pral vann byen, oubyen selon sa sitiya-syon an mande, oubyen jan si-konstans yo admèt pou yo fè. Lè m aprann move tan an fin pase nèt, lè sa a, m ap retounen kote nou ankò.

2 Epi kanta anba "peripesi m aple pou m pase yo, sanble se yon ti bagay tou piti pou mwen, kòm ^banvi ak kòlè lèzòm te toujou chatiman pa m chak jou nan vi m; epi pou ki kòz sanble se yon mistè, eksepte m te ^còdone depi anvan fondasyon mond lan pou kèk bon oubyen move objektif, jan nou ta chwazi rele l.

126 1a GE Young,
Brigham.
2a GE Zèv.
3a GE Fanmi.

127 1a Jòb 2:3;
Mat. 5:10-12;
1 Pyè 2:20-23.
2a Sòm 23.

GE Pèsekisyon,
pèsekite.
b GE Anvi.
c GE Preòdinasyon.

Nou jije pou tèt pa nou. Bondye konnen tout bagay, ni bon ni move. Men antouka, m abi-tye naje nan dlo fon. Tout bagay sa yo vin tou natirèl pou mwen kounyeya; epi m santi m tankou Pòl, pou m glorifye m nan ^atribilasyon m yo; paske jouk jodi a menm Bondye zansèt mwen yo toujou delivre m anba yo tout, epi li pral toujou delivre m; paske gade, m ap triyonfe sou tout ènmi m yo, paske Senyè a te di sa.

3 Se poutèt sa, se pou tout sen yo rejwi, epi pou yo kontan anpil; paske ^aBondye Izrayèl la se Bondye yo, epi l ap mete yon rekonpans ki jis sou tèt tout opresè yo.

4 Epi ankò, an verite, Senyè a di: Se pou travay ^atanp mwen an, ak tout travay m ba nou yo kontinye epi pou yo pa sispann; epi Senyè tout Lame yo di se pou ^bdilijans nou, ak pèsèverans nou, ak pasyans nou ak zèv nou yo redouble, epi nou p ap pèdi rekonpans nou nan okenn fason. Epi si yo ^cpèsekite nou, se konsa yo te pèsekite pwofèt yo ak moun ki jis yo ki te vin anvan nou yo. Pou tout bagay sa yo gen rekonpans nan syèl la.

5 Epi ankò, m ba nou yon pawòl ki gen relasyon avèk ^abatèm pou ^bmò yo.

6 An verite, Senyè nou an di

nou konsènan mò nou yo: Lè nenpòt pami nou ^abatize pou mò nou yo, dwe genyen yon ^bgre-fye, epi li dwe sèvi temwen avèk je l pou batèm nou yo; se pou l tandè avèk zòrèy li, poul kapab temwaye konsènan verite a;

7 Pou nan tout rapò nou yo sa kapab ^aanrejistre nan syèl la; pou nenpòt bagay nou ^blye sou tè a, kapab lye nan syèl la; pou nenpòt bagay nou demare sou tè a, kapab demare nan syèl la;

8 Paske Senyè tout Lame yo di, m pral ^arestore anpil bagay sou tè a, konsènan ^bprètriz la.

9 Senyè tout Lame yo di, epi ankò se pou ^arejis yo nan lòd, pou yo kapab ale nan achiv tanp sen mwen an, pou moun kapab sonje yo depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon.

10 M ap di tout sen yo, m vle, avèk yon gran volonte, pale yo konsènan sijè batèm pou mò yo, nan Saba k ap vini an. Men, toutotan m pa gen pouvwa pou m fè sa, m ap ekri pawòl Senyè yo tanzantan, sou sijè sa a, epi m ap voye l ba nou pa lapòs, ansanm avèk anpil lòt bagay.

11 M fèmen lèt mwen an pou kounyeya, paske m pa gen ase tan; paske, ènmi an kanpe, epi jan Sovè a te di a, ^aprens mond sa a vini, men, li pa jwenn anyen nan mwen.

2d 2 Kor. 6:4–5.

GE Advèsite.

3a 3 Ne. 11:12–14.

4a D&A 124:55.

b GE Dilijans.

c GE Pèsekisyon,

pèsekite.

5a GE Batèm,

batize—Batèm
pou mò yo.

b GE Sali pou mò.

6a 1 Kor. 15:29;

D&A 128:13, 18.

b D&A 128:2–4, 7.

7a GE Liv lavi.

b GE Sele, sèlman.

8a GE Retablisman

levanjil la.

b GE Prètriz Mèlkisedèk.

9a D&A 128:24.

11a Jan 14:30;

TJS Jan 14:30

(Apendis).

GE Dyab.

12 Gade, priyè m devan Bondye se pou nou tout sove. Epi m konsidere tèt mwen kòm sèvitè nou nan Senyè a, pwofèt ak

“vwayan Legliz Jezikri pou Sen Dènne Jou yo.

JOSEPH SMITH.

SEKSYON 128

Yon lèt Joseph Smith, Pwofèt la te ekri voye bay Legliz Jezikri pou Sen Dènne Jou yo, ki gen plis direksyon konsènan batèm pou mò yo, ki date nan Nauvoo, Illinois, 6 Septanm 1842.

1–5, *Grefye lokal ak grefye jeneral yo dwe anrejistre batèm pou mò lè yo fèt; 6–9, Rejis yo lye epi yo anrejistre sou tè a ak nan syèl la; 10–14, Fon batismo gen resanblans avèk tonb nan; 15–17, Eli te retabli pouwa ki gen relasyon avèk batèm pou mò yo; 18–21, Tout kle, pouwa, ak otorite dispansasyon pase yo retabli; 22–25, Deklarasyon bon nouwèl gloriye pou vivan yo ak mò yo.*

JAN m te di nou nan lèt mwen an anvan m te kite kay mwen an, m t ap ekri nou tanzantan pou m ba nou enfòmasyon ki gen rapò avèk anpil sijè, kounyeya, m ap pale sou sijè “batèm pou mò yo, kòm sijè a sanble l okipe panse m, epi l touche santiman m plis pase lòt bagay, depi lènmi m yo te kòmanse ap pousuiv mwen an.

2 M ekri nou kèk pawòl revelasyon konsènan zafè grefye a. M gen kèk pwèn adisyonèl ki nan relasyon avèk sijè sa a, ki fè m sèten sou sa kounyeya. Nou konnen m te deklare nan premye lèt la, ta dwe gen yon “grefye, ki dwe temwen pèsònèl, epi ki dwe

tande avèk zòrèy li, pou l kapab fè yon rejis ki gen verite devan Senyè a.

3 Kounyeya, an relasyon avèk sijè sa a, sa t ap difisil pou yon grefye ta prezan tout tan, epi pou l fè tout travay la. Pou defèt difikilte sa a, kapab gen yon grefye ki plase nan chak pawas ki nan vil la, ki byen kalifye pou l kapab pran nòt egzat; epi se pou l presi epi egzat lè l ap ekri tout dewoulman yo, pou l sètifye nan rejis li a, li te wè avèk pwòp je pa li, pou l bay dat ak non eksetera, ak istwa tout pwosedi a; pou l nonmen twa moun ki prezan yo tou, si gen moun ki prezan epi ki kapab sètifye menm bagay la nenpòt lè sa ta nesesè, pou chak pawòl kapab etabli nan bouch de oubyen twa “temwen.

4 Apre sa, dwe gen yon grefye jeneral, ki dwe resevwa rejis sa yo, ki gen sètifika avèk siyati pa yo, pou sètifye rejis yo te fè a se verite. Apre sa, grefye jeneral la kapab antre dosye a nan liv jeneral legliz la, avèk sètifika tout temwen ki te prezan yo, avèk pawòl pa li pou fè konnen li kwè

pawòl ak rejis ki prezante a se verite, dapre konesans li sou karaktè jeneral moun sa yo ak apèl yo nan legliz la. Epi lè sa fin fèt nan liv jeneral legliz la, rejis la pral sen, epi l ap reponn òdonans la tankou li te wè avèk je pa l epi l te tandè avèk zòrèy pa l, epi l ap rapòte nan liv jeneral legliz la.

5 Nou kapab panse fason sa a trè patikilye; men, m vle di nou se pou satisfè volonte Bondye, pou konfòme nou avèk òdonans ak preparasyon Senyè a te prepare depi anvan fondasyon mond lan, pou ^asali mò yo ki te mouri san ^bkonesans levanjil la.

6 Epi ankò, m vle nou sonje, Jan, revelatè a, te kontanple sijè sa a menm nan relasyon avèk mò yo, lè l te deklare, kòm n ap jwenn rapò nan Revelasyon 20:12—*Epi m te wè mò yo, piti ak gran ki te kanpe devan Bondye; epi liv yo te louvri, epi yon lòt liv te louvri, ki se liv lavi yo; epi mò yo te jije dapre bagay ki te ekri nan liv yo, dapre zèv yo.*

7 Nou pral dekouvri nan sitiyasyon sa a, liv yo te louvri; epi yon lòt liv te louvri, ki te ^aliv lavi a; men, mò yo te jije dapre bagay ki te ekri nan liv yo, dapre zèv yo; An konsekans, liv y ap pale yo yo dwe liv ki gen rejis zèv mò yo, epi sa fè referans ak ^brejis yo ki te ekri sou tè a. Epi liv ki te liv lavi a se rejis yo kenbe nan syèl la; prensip la dakò presizeman

avèk doktrin Bondye kòmande nou nan revelasyon ki nan lèt m te ekri nou anvan m te kite plas mwen an—pou nan tout rejis nou yo, sa kapab anrejistre nan syèl la.

8 Kounyeya, karakteristik òdonans sa a chita nan “pouvwa prèttriz la, nan revelasyon Jezikri, kote yo akòde nou pou tout bagay nou ^blye sou tè kapab lye nan syèl la, epi nenpòt bagay nou delye sou tè a ap delye nan syèl la. Oubyen, otreman di, pou nou gade tradiksyon an yon lòt fason, nenpòt sa nou anrejistre sou tè ap anrejistre nan syèl la; epi nenpòt bagay nou pa anrejistre sou tè p ap anrejistre nan syèl la; Paske se nan liv yo mò nou yo pral jije, dapre pwòp zèv pa yo, menm si yo te patisipe nan òdonans yo pèsoneleman oubyen pa mwayen yon ajan pa yo, dapre òdonans Bondye te pare pou ^asali yo depi anvan fondasyon mond lan, dapre rejis yo te kenbe konsènan mò pa yo.

9 Pou kèk moun, sanble doktrin n ap pale a twò dirèk—yon pouvwa ki anrejistre oubyen ki lye sou tè epi ki lye nan syèl la. Sepandan, nan tout epòk nan mond lan, nenpòt lè Senyè a bay nenpòt moun yon ^adispansasyon prèttriz la pa mwayen revelasyon reyèl oubyen pa lan-tremiz yon gwoup moun, yo toujou resevwa pouvwa sa a.

5a GE Sali pou mò.
b 1 Pyè 4:6.
7a Apok. 20:12;
D&A 127:6–7.

GE Liv lavi.
b D&A 21:1.
8a GE Pouvwa;
Prèttriz.

b GE Sele, sèlman.
c GE Òdonans yo.
d GE Sali pou mò.
9a GE Dispansasyon.

Konsa, nenpòt bagay moun sa yo te fè avèk ^botorite, nan non Senyè a, epi si yo te fè l an verite avèk lafwa, epi si yo kenbe yon rejis fidèl ki apwopriye sou sa, li vin tounen yon lalwa sou tè a ak nan syèl la, epi li pa t kapab anile, dapre dekrè gran ^cJewova. Se yon pawòl fidèl. Kiyès ki kapab tande l?

10 Epi ankò, pou sa ki anvan an, Matye 16:18, 19: *Epi m di ou konsa, ou se Pyè, epi se sou wòch sa a m ap bati legliz mwen an; epi pòt lanfè a p ap gen viktwa sou li. Epi m ap ba ou kle wayòm syèl la: epi nenpòt bagay ou sele sou tè a pral sele nan syèl la; epi nenpòt bagay ou lye sou tè a pral lye nan syèl la.*

11 Kounyeya gran sekre laj ki nan tout matyè sa a, ak enpòtans total tout sijè sa ki devan nou an, chita nan jwenn pouvwa Prètriz Sen. Yon moun ki resevwa ^akle sa yo pa gen okenn difikilte pou l jwenn konesans sou reyalite ki nan relasyon avèk ^bsali pitit lèzòm, ni pou mò yo ak vivan yo.

12 Nan sa, gen ^alaglwa ak ^bonè, ak ^cimòtalite ak lavi etènèl—òdonans batèm pa ^aimèsyon an nan dlo a, pou moun plonje ladan l, pou akonpli resanblans lanmò, pou yon prensip kapab an akò avèk yon lòt; pou moun plonje nan dlo a epi pou soti nan dlo a sa reprezante rezirèksyon mò yo, pou yo soti nan tonb yo; konsa, òdonans sa

a te òganize pou fòme yon relasyon avèk òdonans batèm pou mò yo, ki nan resanblans lanmò.

13 An konsekans, fon ^abatismo a te òganize kòm yon ^breprezantasyon tonb la, epi yo te gen kòmandman pou bati l nan yon plas kote vivan yo pa rasanble, pou montre mò yo ak vivan yo, epi pou tout bagay kapab gen resanblans yo, pou yo kapab an akò youn avèk lòt—pou sa ki terès kapab konfòme avèk sa ki selès, jan Pòl te deklare a, 1 Korentyen 15:46, 47, ak 48:

14 *Kòman fè sa ki espiritiyèl la pa t anpremye, men, se sa ki tanporèl la; epi apre sa, se sa ki espiritiyèl la. Premye moun nan te soti nan tè a, terès; dezyèm moun nan se Senyè a ki soti nan syèl la. menm jan terès la ye a, se konsa moun ki terès yo ye; epi menm jan selès yo ye a, se konsa moun selès yo ye. Epi jan rejis ki sou tè yo an relasyon avèk mò nou yo, se konsa rejis ki nan syèl yo ye tou. Sepandan, sa se pouvwa pou ^asele ak pou lye a, epi nan yon sans mo sa a, se ^bkle wayòm nan ki vle di kle ^ckonesans.*

15 Epi kounyeya, frè m ak sè m byenneme yo, kite m ba nou asirans pou nou konnen, sa yo se prensip ki gen relasyon avèk mò yo ak vivan yo, nou pa kapab mete sou kote, kanta sali nou. Paske ^asali yo nesesè epi li esansyèl pou sali pa nou, jan Pòl

9b GE Otorite.

c GE Jewova.

11a GE Kle prètriz la.

b GE Sali.

12a GE Glwa.

b GE Onè.

c GE Imòtalite, imòtèl.

d GE Batèm, batize—

Batèm pa imèsyon.

13a D&A 124:29.

b GE Senbòl.

14a GE Sele, sèlman.

b GE Kle prètriz la.

c TJS, Lik 11:53

(Apendis).

15a GE Sali pou mò.

te di konsènan zansèt yo—yo pa kapab vin ^bpafè san nou—ni tou nou pa kapab vin pafè san mò yo.

16 Epi kounyeya, an relasyon avèk batèm pou mò yo, m ap ba nou yon lòt sitasyon Pòl, 1 Korentyen 15:29: *Otreman, kisa moun ki batize pou mò yo t ap fè, si mò yo pa t ap resisite ditou? Poukisa yo ta bezwen batize pou mò yo?*

17 Epi ankò, an koneksyon avèk sitasyon sa a, m ap ba nou yon sitasyon youn nan pwofèt yo, ki te fikse je l sou ^aretablisman prètriz la, laglwa ki te pou revele nan dènye jou yo, epi nan yon manyè espesyal, sijè ki pi enpòtan sa a se pou levanjil etènèl la, ki vle di batèm pou mò yo; paske Malachi di nan vèsè 5 ak 6 dènye chapit la: *Gade m ap voye ^bEli, pwofèt la, kote ou anvan gran jou terib Senyè a rive: epi li pral retounen kè zansèt yo sou pitit yo, epi kè pitit yo pral retounen sou zansèt yo, san sa m ap vini frape tè a avèk yon malediksyon.*

18 M ta kapab fè yon tradiksyon ki pi ^aklè pou sa, men, li klè ase pou reyalize objektif mwen jan l ye a. Li ase pou nou konnen, nan ka sa a, tè a ap frape anba yon malediksyon si pa gen yon kalite ^bkoneksyon ki fèt pou lye zansèt yo ak pitit yo, sou yon sijè oubyen yon

lòt—epi gade, ki sijè sa a ye? Se ^cbatèm pou mò yo. Paske nou pa kapab vin pafè san yo menm; ni tou yo pa kapab vin pafè san noumenm. Ni yo menm ak noumenm pa kapab vin pafè san moun yo ki mouri nan levanjil la tou; paske se nesèsè nan chemen ^ddispansasyon toutantye tout tan y ap montre a, dispansasyon sa a ki kòmanse montre chemen li a, pou yon inyon antye epi ki konplè epi ki pafè soude dispansasyon yo ansanm, ak kle yo, ak pou vwa yo, ak laglwa yo, epi pou l revele depi nan epòk Adan jouk nan tan prezan sa a. Epi non sèlman sa, bagay sa yo ki pa t janm revele depi nan ^efondasyon mond lan, ki te rete kache lwen moun ki saj yo ak moun ki pridan yo, pral revele bay ^ftimoun ak ti bebe nan tete nan dispansasyon totalite tout tan sa a.

19 Kounyeya, kisa nou tande nan levanjil nou resevwa a? Yon vwa kontantman! Yon vwa mi-zèrikòd ki soti nan syèl la; epi yon vwa ^averite ki soti nan tè a; bon nouvèl pou mò yo; yon vwa kontantman pou vivan yo ak mò yo; bon ^bnouvèl ki pote gran lajwa. ^cPye yo bèl anpil sou mòn yo, moun sa yo ki pote bon nouvèl bon bagay, epi ki di Siyon: Gade, Bondye w la ap

15^b Ebre 11:40.

GE Pafè.

17^a GE Retablisman levanjil la.

^b 3 Ne. 25:5–6;

D&A 2; 110:13–16.

GE Eli (Pwofèt Ansyen Testaman an).

18^a I—JS 1:36–39.

^b GE Jeneyaloji;

Òdonans yo—

Òdonans pa

pwokirasyon.

^c D&A 124:28–30;

127:6–7.

^d GE Dispansasyon.

^e D&A 35:18.

^f Mat. 11:25; Lik 10:21;

Alma 32:23.

19^a Sòm 85:10–11.

^b Lik 2:10.

^c Eza. 52:7–10;

Mozya 15:13–18;

3 Ne. 20:40.

reye! Tankou ^dlawouze Kamèl, se konsa konesans Bondye pral desann sou yo!

20 Epi ankò, kisa nou tande? Bon nouvèl ki soti nan ^aKimora! ^bMowoni, yon zanj ki soti nan syèl la, k ap deklare akonplisman pwofese yo—^cliv ki dwe revele a. Vwa Senyè a nan dezè ^dFayette, Konte Seneca a, k ap ^edeklare twa temwen yo ki dwe temwanyen konsènan liv la! Vwa ^fMichèl sou rivaj Susquehanna, k ap devwale dyab la pandan l parèt kòm yon zanj ^glimiyè! Vwa ^hPyè, Jak, ak Jan nan dezè a ant Harmony, Konte Susquehanna, ak Colesville, Konte Broome, sou rivyè Susquehanna a, k ap deklare tèt yo kòm moun ki posede ⁱkle wayòm nan, ak kle dispansasyon toutantye tout tan yo!

21 Epi ankò, vwa Bondye nan chanm ^agran papa Whitmer, nan Fayette, Konte Seneca, epi nan plizyè fwa, nan plizyè kote pa mwayen tout traka ak tribilasyon Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo! Ak vwa Michèl, akanj la; vwa ^bGabryèl, ak vwa ^cRafayèl, ak vwa anpil ^dzanj, depi nan Michèl oubyen ^eAdan jouk nan tan prezan sa a, yo tout k ap deklare ^fdispansasyon pa yo, dwa yo, kle

yo, onè yo, majeste yo ak laglwa yo, ak pouvwa prètriz yo a; k ap anonse sa ki gen pou fèt pou konsole nou, k ap konfime ^gesperans nou k ap liy apre liy, ^hpresèp apre presèp; yon ti kras isit epi yon ti kras lòtbò!

22 Frè m yo, èske nou pa dwe kontinye avèk yon gwo koz konsa? Ale an avan, non pa an aryè. Kouraj, frè m yo; epi an avan, an avan pou viktwa! Fè kè nou rejwi, epi kontan anpil. Se pou tè a rele, ^achante. Se pou mò chante kantik louwanj etènèl bay Wa ^bEmanyèl la, ki te òdone, anvan mond lan te egziste, bagay ki pou te fè l posib pou nou kapab ^crachte yo soti nan ^dprizon yo; paske prizonye yo dwe libere.

23 Se pou ^amòn yo rele avèk lajwa, epi tout vale yo rele fò; epi tout lanmè yo ak tè sèch yo rakonte mèvèy Wa Etènèl nou an! Epi nou menm rivyè yo, ak kouran dlo yo, ak ti kouran dlo yo, koule avèk kontantman. Se pou tout bwa yo ak tout pyebwa yo ki nan jaden yo louwe Senyè a; epi nou menm ^bwòch solid yo kriye avèk lajwa! Epi se pou solèy la, lalin nan, ak zetwal ^cmaten yo chante ansanm,

19d Det. 32:2;

D&A 121:45.

20a 1—JS 1:51–52.

GE Kimora, Kolin.

b GE Mowoni, pitit gason Mòmou.

c Eza. 29:4, 11–14; 2 Ne. 27:6–29.

GE Liv Mòmou.

d GE Fayette, New York (Etazini Damerik).

e D&A 17:1–3.

f D&A 27:11.

GE Adan.

g 2 Kor. 11:14.

h D&A 27:12.

i GE Kle prètriz la.

21a SVD Peter Whitmer, papa a.

b GE Gabryèl.

c GE Rafayèl.

d GE Zanj yo.

e D&A 107:53–56.

f GE Dispansasyon.

g GE Esperans.

h Eza. 28:10.

22a Eza. 49:13.

b Eza. 7:14;

Alma 5:50.

GE Emanyèl.

c GE Redanmtè, restablisman, redanmsyon.

d Eza. 24:22; D&A 76:72–74.

23a Eza. 44:23.

b Lik 19:40.

c Jòb 38:7.

epi se pou tout pitit Bondye yo rele avèk lajwa! Epi se pou kre-yasyon etènèl yo deklare non li pou toujou ajamè! Epi m di ankò, vwa nou tandè nan syèl la te gloriye anpil, l ap pwoklame nan zòrèy nou, laglwa, ak sali, ak onè, ak ^aimòtalite, ak ^elavi etènèl; wayòm, prensipote, ak pouvwa!

24 Gade, gran ^ajou Senyè a ap pwoche; epi kiyès ki kapab ^breziste devan jou vini li a, epi kiyès ki kapab kanpe lè l parèt? Paske li tankou yon dife ^cpirifikatè, epi li tankou savon lesivèz la; epi li pral chita tankou ^arafine ak yon pirifikatè ajan, epi li pral

pirifye pitit gason ^eLevi yo, epi li pral prije yo tankou lò ak ajan, pou yo kapab ofri Senyè a yon ^fofrann nan lajistis. Se poutèt sa, an nou noumenm, kòm yon legliz ak yon pèp, epi kòm Sen dènye jou yo, ofri Senyè a yon ofrann nan lajistis; Epi an nou prezante nan tanp li a, lè l fini, yon liv ki gen ^grejis mò yo, ki diy pou tout akseptasyon.

25 Frè m yo, m gen anpil bagay pou m di nou sou sijè sa a; men, m ap sispann pou kounyeya, epi m ap kontinye sijè a yon lòt lè. Kòm pou toujou, m se sèvitè nou an ak zanmi ki p ap janm devye a,

JOSEPH SMITH.

SEKSYON 129

Enstriksyon Joseph Smith, Pwofèt la te bay nan Nauvoo, Illinois, 9 Fevriye 1843, pou fè konnen twa gran kle pou distenge nati kòrèk ministè zanj ak lespri.

1–3, *Gen kò resisite ak kò lespri nan syèl la; 4–9, Gen kle pou mesaje ki soti lòtbò vwal la kapab idantifye.*

GEN de kalite èt nan ^asyèl la, ki se: ^bZanj, ki se pèsonaj ^cresisite, ki gen kò chè ak zo—

2 Paregzanp, Jezi te di: *touche m pou nou kapab wè, paske yon lespri pa gen ^achè ak zo, jan nou wè m genyen an.*

3 Dezyèmman: ^alespri moun ki ^bjis ki vin pafè, moun ki pa

resisite yo, men, ki eritye menm laglwa a.

4 Lè yon mesaje vini epi l di li gen yon mesaj ki soti kote Bondye, ofri l men ou, epi mande l pou l ba ou lamèn.

5 Si l se yon zanj l ap fè sa, epi w ap santi men l.

6 Si l se lespri yon nonm ki jis ki te vin pafè l ap vini nan laglwa li; paske se sèl fason li kapab parèt—

7 Mande l pou l ba ou lamèn,

23d GE Imòtalite, imòtèl.

e GE Lavi etènèl.

24a GE Dezyèm

Vini Jezikri.

b Mal. 3:1–3.

c 3 Ne. 24:2–3.

GE Tè—Netwayaj tè a.

d Zak. 13:9.

e Det. 10:8;

D&A 13; 124:39.

f D&A 84:31.

GE Ofrann.

g D&A 127:9.

GE Jeneyaloji.

129 1a GE Syèl.

b GE Zanj yo.

c GE Rezirèksyon.

2a Lik 24:39.

3a GE Lespri.

b Ebre 12:23;

D&A 76:69.

men, li p ap deplase, paske sa kont lòd syèl la pou yon nonm ki jis twonpe moun; men, l ap toujou delivre mesaj li a.

8 Si se “dyab la sou fòm yon zanj limyè, lè w mande l pou l ba

ou lamèn, l ap ba w lamèn, epi w p ap santi anyen: se konsa ou kapab detekte l.

9 Sa yo se twa gran kle pou nou kapab konnen si nenpòt administrasyon soti kote Bondye.

SEKSYON 130

Enfòmasyon enstriktif Joseph Smith, Pwofèt la te bay nan Ramus, Illinois, 2 Avril 1843.

1–3, *Papa a ak Pitit Gason an kapab parèt pèsònèlman devan lòdòm; 4–7, Zanj yo rete nan domèn selès; 8–9, tè selès la pral tankou yon gran Ourim ak Toumim; 10–11, tout moun ki antre nan mond selès la resevwa yon wòch blan; 12–17, Yo pa di Pwofèt yo kilè Dezyèm vini an ap fèt; 18–19, Entèlijans nou jwenn nan lavi sa a pral leve avèk nou nan rezirèksyon an; 20–21, Tout benediksyon vini pa lantremiz obeyisans lalwa; 22–23, Papa a ak Pitit Gason an gen kò chè ak zo.*

LÈ Sovè a “parèt, n ap wè l jan l ye a. N ap wè li se yon ^bnonm tankou noumenm.

2 Epi menm relasyon sosyal ki egziste pami nou isit la pral egziste pami nou lòtbò a, sèlman l ap double avèk “laglwa etènèl, yon laglwa nou pa jwi kounyeya.

3 Jan 14:23—vini “Papa a ak

^bPitit Gason an nan vèsè sa a, se yon “aparisyon pèsònèl; epi lide ki vle fè konnen Papa a ak Pitit Gason an ^arete nan kè yon moun nan se yon ansyen nosyon yon legliz epi li fo.

4 Kòm repons pou kesyon—Èske kalkil “tan Bondye, ak tan zanj yo, ak tan pwofèt yo, ak tan lòm, depann sou planèt kote yo rete a?

5 M reponn, wi. Men, pa gen okenn “zanj ki administre tè sa a eksepte moun ki fè pati ladan l oubyen ki te fè pati ladan l.

6 Zanj yo pa rete sou yon planèt tankou tè sa a;

7 Men, yo rete nan prezans Bondye sou yon glòb ki tankou yon “lanmè kristal ak ^bdife, kote tout bagay prezan, pase ak lavni manifeste pou laglwa yo, epi yo devan Senyè a tout tan.

8 Plas kote Bondye rete a se yon gran “Ourim ak Toumim.

8a 2 Kor. 11:14;
2 Ne. 9:9.
130 1a 1 Jn. 3:2;
Mowo. 7:48.
GE Dezyèm
Vini Jezikri.
b Lik 24:36–40.
2a GE Glwa selès.

3a GE Bondye,
Divinite—
Bondye Papa a.
b GE Bondye,
Divinite—Bondye,
Pitit Gason an.
c D&A 93:1.
d D&A 130:22.

GE Bondye, Divinite.
4a 2 Pyè 3:8;
Abr. 3:4–10; gade tou
nan Abr., fak. 2, figi 1.
5a GE Zanj yo.
7a Apok. 4:6; 15:2.
b Eza. 33:14.
8a GE Ourim ak Toumim.

9 “Tè sa a, nan eta sanktifye l ak eta imòtèl li a, pral vin tankou kristal epi se pral yon Ourim ak Toumim pou moun ki rete sou li yo, kote tout bagay ki an rapò avèk yon wayòm pi ba, oubyen tout wayòm ki nan yon lòd pi ba, pral manifeste pou moun ki rete sou li yo; epi tè sa a pral pou Kris la.

10 Apre sa, wòch blan ki mansyone nan Revelasyon 2:17 la, pral tounen yon Ourim ak Toumim pou chak moun ki resevwa youn, kote yo pral fè yo konnen bagay ki gen rapò avèk pi wo nivo wayòm;

11 Epi chak moun ki vini nan wayòm selès la resevwa yon wòch “blanch, kote yon nouvo non ekri, yon non pèsoun pa konnen, eksepte moun ki resevwa l la. Nouvo ^bnon an se mo kle a.

12 M pwofetize nan non Senyè Bondye a, kòmansman “difikilte ki pral lakòz anpil san koule anvan vini Pitit Gason Lòm nan pral fèt nan ^bKawolin diSid.

13 Se pwobab pou sa leve avèk kesyon esklavaj la. Se sa yon vwa te deklare m, pandan m t ap priye avèk senserite sou sijè a, 25 Desanm 1832.

14 Yon lè, m t ap priye avèk senserite pou m konnen lè “vini Pitit Gason Lòm nan, epi m te

tande yon vwa repete bagay sui-van an:

15 Joseph, pitit gason m nan, si ou viv jistan ou gen katreven senk ane, w ap wè fas Pitit Gason lòm nan; se poutèt sa, se pou sa ase, epi pa annwiye m ankò sou sijè sa a.

16 Konsa, m te rete san m pa kapab konnen si vini sa a fè referans ak milenyòm nan oubyen kèk aparisyon anvan sa, oubyen si m te dwe mouri epi konsa m t ap wè fas li.

17 M kwè vini Pitit Gason Lòm nan p ap fèt anvan lè sa a.

18 Kèlkeswa prensip “entèlijans nou jwenn nan lavi sa a, l ap leve avèk nou nan ^brezirèksyon an.

19 Epi si yon moun jwenn plis “konesans ak entèlijans nan lavi sa a nan ^bdilijans ak ^cobeyisans pase yon lòt moun, l ap gen pi gwo ^davantaj nan mond k ap vini an.

20 Gen yon lalwa oubyen yon “règ irevokab ki dekrete nan syèl la ^banvan fondasyon mond sa a, sou lalwa sa a, tout ^cbenediksyon tabli—

21 Epi lè nou resevwa nenpòt benediksyon nan men Bondye, se nan obeyisans lalwa sa a kote benediksyon an tabli a.

22 “Papa a gen yon ^bkò chè ak zo moun ka touche menm jan avèk pa lòm nan; Pitit Gason

9a D&A 77:1.
GE Tè—Eta final
tè a.

11a Apok. 2:17.
b Eza. 62:2.

12a D&A 38:29; 45:63.
b D&A 87:1–5.

14a GE Dezyèm
Vini Jezikri.

18a GE Entèlijans,
entèlijans yo.
b GE Rezirèksyon.

19a GE Konesans.
b GE Dilijans.

c GE Obeyi,
obeyisan,
obeyisans.

d Alma 12:9–11.

20a D&A 82:10.
b GE Lavi premòtèl.
c Det. 11:26–28;
D&A 132:5.

GE Benediksyon,
beni.

22a GE Bondye,
Divinite.
b Tra. 17:29.

an tou; men, “Sentespri a pa gen yon kò chè ak zo, sepandan li se yon pèsonaj lespri. Si se pa t sa, Sentespri a pa t ap kapab rete andedan nou.

23 Yon moun kapab resevwa Sentespri a, epi “Sentespri a kapab desann sou li san rete avèk li.

SEKSYON 131

Enstriksyon Joseph Smith, Pwofèt la te bay nan Ramus, Illinois, 16 ak 17 Me 1843.

1–4, *Maryaj selès esansyèl pou egzaltasyon nan pi wo degre syèl la; 5–6, Yo esplike kòman lèzòm kapab sele pou lavi etènèl; 7–8, Tout lespri se matyè.*

NAN laglwa “selès la gen twa syèl oubyen degre;

2 Pou jwenn “pi wo degre a, yon nonm dwe antre nan lòd sa a ki nan prèttriz la [ki vle di *“nouvo alyans etènèl maryaj la*];

3 San sa li pa kapab jwenn li.

4 Li kapab antre nan lòt la, men, se la wayòm li an fini; li pa kapab “grandi.

5 (Me 17, 1843.) Pawòl “pwo-fesi ki pi asire a vle di yon moun konnen li *“sele pou “lavi etènèl, nan revelasyon ak lespri pwo-fesi, pa mwayen pouvwa Prèttriz Sen an.*

6 Li enposib pou yon moun “sove nan *“b”iyorans.*

7 Matyè imateryèl pa egziste. Tout “lespri se matyè, sepandan, li pi rafine oubyen pi, epi se sèlman je ki *“b”pi tout bon an ki kapab wè l.*

8 Nou pa kapab wè l; men, lè kò nou pirifye, n ap wè li se matyè.

SEKSYON 132

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Nauvoo, Illinois, ki te anrejistre 12 Jiyè 1843, an relasyon avèk nouvo alyans etènèl la, ansanm avèk karaktè etènèl alyans maryaj la, ak prensip maryaj poligami an. Malgre revelasyon an te anrejistre an 1843, se evidan, dapre rejis istorik yo, Pwofèt la te konnen kèk nan doktrin ak prensip ki enplike nan revelasyon sa a depi 1831. Gade Deklarasyon Ofisyèl 1.

22c GE Sentespri.
23a GE Don Sentespri.
131 1a D&A 76:70.
GE Glwa selès.
2a D&A 132:5–21.
GE Egzaltasyon.
b GE Maryaj,

marye—Nouvo
alyans etènèl maryaj.
4a D&A 132:16–17.
5a 2 Pyè 1:19.
GE Apèl ak eleksyon.
b D&A 68:12; 88:4.
GE Sele, sèlman.

c GE Lavi etènèl.
6a GE Sali.
b D&A 107:99–100.
7a GE Lespri.
b D&A 76:12; 97:16;
Moyiz 1:11.

1-6, *Se nan nouvo alyans etènèl la moun gen egzaltasyon*; 7-14, *Limit ak kondisyon alyans sa a tabli*; 15-20, *Maryaj selès ak karaktè etènèl fanmi pèmèt lèzòm pou yo vin tounen Bondye*; 21-25, *Chemèn dwat ki etwat la mennen nan lavi etènèl*; 26-27, *Legliz la resevwa lalwa ki gen relasyon ak blasfèm kont Sentespri a*; 28-39, *Pwofèt ak Sen ki nan tout epòk yo resevwa pwomès pwogresyon etènèl ak egzaltasyon*; 40-47, *Joseph Smith resevwa pouvwa pou l lye epi pou l sele sou tè a ak nan syèl la*; 48-50, *Senyè a sele egzaltasyon pa li sou tè li*; 51-57, *Emma Smith resevwa konsèy pou l fidèl epi pou l vrè*; 58-66, *lwa ki gouvènè maryaj poligami yo tabli*.

AN verite, Senyè Bondye a di, sèvitè m nan, Joseph, toutotan ou te mande m pou ou konnen epi pou ou konprann kote mwen menm Senyè a, m te jistifye sèvitè yo, Abraram, Izarak, ak Jakòb, menm jan avèk Moyiz, David ak Salomon, sèvitè m yo, konsènan prensip ak doktrin pou yo gen plizyè "madanm ak manmzèl yo—

2 Gade, m se Senyè Bondye ou la, epi m ap reponn ou konsènan sijè sa a.

3 Se poutèt sa, "pare kè w pou w resevwa epi pou w obeyi ens-triksyon m pral ba w yo; paske tout moun m bay lalwa sa a, yo dwe obeyi l.

4 Paske gade, m ap revele w yon nouvo "alyans etènèl; epi si w pa rete nan alyans sa a, lè sa a w ap ^bdane; paske pèsonn pa kapab 'rejte alyans sa a epi jwenn pèmisyon pou antre nan laglwa mwen an.

5 Paske, tout moun ki resevwa yon "benediksyon nan men m dwe obeyi ^blalwa ki gen rapò avèk benediksyon sa a, ak kondisyon yo jan sa te tabli anvan fondasyon mond lan.

6 Senyè Bondye a di, epi, konsènan "nouvo alyans etènèl la, li te tabli pou ^bglwa toutantye mwen; epi yon moun ki resevwa yon glwa toutantye mwen dwe oubyen pral obsève lwa a, oubyen l ap dane.

7 Epi an verite, m di ou, men "kondisyon yo pou lalwa sa a: tout alyans, kontra, lyezon, obligasyon, ^bsèman, jire, pèfòmans, koneksyon, asosyasyon, oubyen demand ki pa fèt epi ki pa konsanti epi ki pa "sele nan "Lespri Sen pwomès la, nan men moun ki chwazi a, ni pou tan sa a ak pou letènite, epi ki sen anpil la, nan "revelasyon ak kòmandman pa lantremiz moun m te chwazi a, li menm m te tabli sou tè a pou kenbe pouvwa sa a (epi m te chwazi sèvitè m nan, Joseph, pou kenbe pouvwa sa a nan dènye jou yo, epi pa janm gen plis pase yon sèl moun sou tè a an menm tan ki gen pouvwa sa a ak

132 1a D&A 132:34, 37-39.
GE Maryaj, marye—
Maryaj pliral.
3a D&A 29:8; 58:6; 78:7.
4a GE Alyans.
b GE Danasyon, dane.
c D&A 131:1-4.

5a D&A 130:20-21.
b GE Lwa.
6a D&A 66:2.
GE Nouvo alyans
etènèl.
b D&A 76:70, 92-96.
GE Glwa selès.

7a D&A 88:38-39.
b GE Sèman.
c GE Sele, sèlman.
d GE Sentespri
pwomès la.
e GE Revelasyon.

^fkle prèttriz sa yo konfere sou li), yo pa gen efikasite, vèti, oubyen fòs pandan oubyen apre rezirèksyon mò yo; paske tout kontra ki pa fèt nan objektif sa a pral gen yon finisman lè lèzòm mouri.

8 Senyè Bondye a di, gade, kay mwen se yon kay lòd, se pa yon kay konfizyon.

9 Senyè a di, èske m ap aksepte yon “ofrann ki pa fèt nan non mwen?”

10 Oubyen èske m ap aksepte nan men ou sa m pa “tabli?”

11 Epi Senyè a di ou, epi m p ap tabli okenn bagay ki pa yon lalwa ba w, menm jan Papa m ak mwen te “deside pou w anvan egzistans mond lan?”

12 Senyè a di, m se Senyè Bondye w la: epi m ba ou kòmandman sa a—pou okenn moun pa “vini kote Papa aksepte nan mwen menm oubyen pawòl mwen, ki se lalwa mwen.

13 Epi Senyè Bondye w la di, tout bagay ki nan mond lan, keswa lèzòm ki òdone yo, pa mwayen twòn, oubyen otorite, oubyen pouvwa, oubyen bagay ki gen non, nenpòt sa yo ye, si m pa fè yo oubyen si yo pa fèt nan non mwen, y ap chavire atè, epi yo “p ap rete apre lèzòm mouri, ni pandan ni apre rezirèksyon an.

14 Paske, nenpòt bagay ki rete, se mwen ki fè yo; epi nenpòt bagay m pa fè pral souke epi l ap detwi.

15 Se poutèt sa, si yon gason “marye avèk yon fi nan mond lan, epi se pa ni nan mwen, ni nan pawòl mwen li marye avèk li, epi si l fè alyans avèk li toutotan yo nan mond lan, youn avèk lòt, maryaj ak alyans yo a pa valab lè yo mouri ak lè yo pa nan mond lan; se poutèt sa, pa gen okenn lalwa ki lye yo andeyò mond lan.

16 Se poutèt sa, lè yo pa nan mond lan yo pa marye ni tou moun pa “marye yo; men, yo se ^bzanj ki tabli nan syèl la, zanj sa yo ki se sèvitè k ap administre, k ap administre pou moun ki diy pou yon laglwa etènèl ki peze pi lou anpil.

17 Paske zanj sa yo pa t obeyi lalwa mwen yo; se poutèt sa, yo pa kapab grandi, men, yo rete separe epi san konjwen, san egzaltasyon, pou tout letènite; epi depi lè sa yo pa Bondye, men yo se zanj Bondye pou toujou ajamè.

18 Senyè Bondye a di, epi ankò, an verite m di ou, si yon gason marye avèk yon fi, epi li fè yon alyans avèk li pou tan sa a ak tout letènite, si alyans sa a pa nan mwen oubyen pawòl mwen, ki se lalwa mwen, epi Lespri Sen pwomès la pa sele alyans sa a, pa lantremiz moun m te chwazi a, epi m te lonmen nan pouvwa sa a, lè sa a li p ap ni valab ni efektif lè yo pa nan mond lan, paske se pa mwen ki mete yo

^{7f} GE Kle prèttriz la.

^{9a} Mowo. 7:5–6.
GE Sakrifis.

^{10a} Lev. 22:20–25;
Moyiz 5:19–23.

^{11a} D&A 132:5.

^{12a} Jan 14:6.

^{13a} 3 Ne. 27:10–11.

^{15a} GE Maryaj, marye.

^{16a} Mat. 22:23–33;

Mak 12:18–25;

Lik 20:27–36.

^b GE Zanj yo.

ansanm, ni pawòl mwen; lè yo pa nan mond lan, li p ap valab kote sa a, paske zanj yo ak bondye yo tabli kote sa a, yo pa kapab pase sou yo; yo pa kapab, se poutèt sa, yo pa kapab eritye laglwa mwen; paske kay mwen se yon kay lòd.

19 Epi ankò, an verite m di ou, si yon gason marye avèk yon fi nan pawòl mwen, ki se lalwa mwen, epi nan “nouvo alyans etènèl la, epi Sentespri ^bpwo-mès la ^csele l pou yo, pa lantremiz moun ki chwazi epi m te tabli nan pouvwa ak ^kkle prètriz sa a; epi yo di yo—N ap leve nan premye rezirèksyon an; epi si se apre premye rezirèksyon an, nan rezirèksyon apre a; epi y ap eritye ^ttwòn, wayòm, otorite, ak pouvwa, dominasyon, tout votè ak pwofondè—lè sa a l ap ekri nan ^lLiv Lavi Ti Mouton an, si l pa komèt okenn asasina, pou koule san inosan, epi si nou rete nan alyans mwen an, epi nou pa komèt okenn asasina pou koule san inosan, tout bagay sèvitè m nan pwomèt yo ap reyalize, nan tan sa a, epi nan tout letènite; epi sa ap totalman valab lè yo pa nan mond lan; epi y ap pase devan zanj yo, ak bondye yo, ki tabli kote sa a, pou ale nan ^gegzaltasyon yo, ak laglwa

yo nan tout bagay, jan sa a te sele sou tèt yo a, laglwa sa a ki pral kontinyasyon desandans yo pou toujou ajamè.

20 Lè sa a, y ap tounen bondye, paske yo pa gen finisman; poutèt sa, y ap depi nan letènite jis nan letènite, paske yo kontinye; lè sa a y ap anlè tout bagay, paske tout bagay pral soumèt devan yo. Lè sa a yo pral tounen ^bbondye, paske yo gen ^ttout pouvwa, epi zanj yo soumèt devan yo.

21 An verite, an verite, m di nou konsa, si nou pa obeyi ^llalwa mwen nou pa kapab jwenn laglwa sa a.

22 Paske pòt la ^eetwat, epi ^bwout ki mennen nan egzaltasyon ak kontinyasyon ^llavi yo dwat, epi se sèlman kèk moun ki jwenn li, paske nou pa resevwa m nan mond lan ni tou nou pa konnen mwen.

23 Men, si nou resevwa m nan mond lan, lè sa a n ap konnen mwen, epi n ap resevwa egzaltasyon nou pou ^kkote m ye a nou kapab la tou.

24 Se ^llavi etènèl—pou moun konnen sèl Bondye saj ki vrè a, ak Jezikri li te ^bvoye a. Mwen se li menm. Se poutèt sa, resevwa lalwa mwen yo.

25 Pòt la ^ggran epi wout ki

19a GE Maryaj, marye—
Nouvo alyans
etènèl maryaj.

b D&A 76:52–53; 88:3–4.

c GE Sele, sèlman.

d GE Kle prètriz la.

e Egz. 19:5–6;

Apok. 5:10; 20:6;

D&A 76:56; 78:15, 18.

f GE Liv lavi.

g GE Egzaltasyon.

20a Mat. 25:21;

D&A 29:12–13; 132:37.

GE Lèzòm, lòm—

Lòm, gen potansyalite

pou vin tankou

Papa Bondye.

b D&A 50:26–29;

76:94–95; 84:35–39.

21a GE Lwa.

22a Lik 13:24;

2 Ne. 33:9;

Ela. 3:29–30.

b Mat. 7:13–14, 23;

2 Ne. 9:41; 31:17–21.

c D&A 132:30–31.

23a Jan 14:2–3.

24a Jan 17:3.

GE Lavi etènèl.

b Jan 3:16–17;

D&A 49:5.

25a Mat. 7:13–14;

3 Ne. 14:13–15.

mennen nan ^blanmò a laj; epi gen anpil moun ki antre ladan l, paske yo pa ^cresevwa m, ni tou yo pa obeyi lalwa mwen yo.

26 Senyè Bondye di, an verite, an verite, m di nou, si yon gason marye avèk yon fi daprè pawòl mwen, epi ^aLespri Sen pwomès la sele yo, daprè jan m te tabli a, epi si limenm oubyen fi a komèt nenpòt kalite peche oubyen transgresyon kont nouvo alyans etènèl la, ak tout kalite blasfèm, epi si yo pa ^bkomèt okenn asasina pou yo koule san inosan, y ap leve nan premye rezirèksyon an, pou yo antre nan egzaltasyon yo; men, y ap detwi nan kò fizik la, epi y ap ^clivre anba ^atouman Satan jouk nan jou redanmsyon an.

27 Senyè Bondye a di, ^ablasfèm kont Sentespri a, ki ^bp ap jwenn padon nan mond sa a ni nan lòt mond lan, se lè nou fè san inosan koule, epi nou patisipe nan lanmò mwen lè nou te fin resevwa alyans etènèl mwen an; epi yon moun ki pa obeyi lalwa sa a, li pa kapab nan okenn fason antre nan laglwa mwen, men, l ap ^cdane, se sa Senyè a di.

28 M se Senyè Bondye ou la, epi m ap ba ou lwa Prètriz Sen mwen an, jan mwen menm ak Papa mwen te deside anvan mond lan te egziste a.

29 Senyè a di, ^aAbraram te resevwa tout bagay, nenpòt sa li te resevwa, pa mwayen revelasyon ak kòmandman, pa mwayen pawòl mwen, epi li te antre nan egzaltasyon li epi li chita sou twòn li.

30 Abraram te resevwa ^apwomès konsènan desandan l yo, ak fwi ren li yo—epi w soti nan ^bren li, sèvitè m nan, Joseph—ki te dwe kontinye toutotan yo nan mond lan; Epi konsènan Abraram ak desandan l yo, yo dwe kontinye nan lòt mond lan; ni nan mond sa a ak nan lòt mond lan yo dwe kontinye nan kantite ki pa kapab konte tankou ^czetwal yo; oubyen si ou t ap konte grenn sab bò rivaj lanmè a ou pa t ap kapab konte yo.

31 Pwomès sa a pou ou tou, paske ou soti nan ^aAbraram, epi Abraram te resevwa pwomès la; epi lalwa sa a se kontinyasyon zèv Papa m yo, kote li glorifye tèt li.

32 Se poutèt sa, ale epi fè ^azèv Abraram yo; antre nan lalwa mwen an epi w ap sove.

33 Men si ou pa antre nan lalwa mwen an ou pa kapab resevwa pwomès Papa m te bay Abraram nan.

34 Bondye te ^akòmande Abraram epi ^bSara te bay Abraram

25^b GE Lanmò espiritiyèl.
c Jan 5:43.

26^a GE Sentespri
pwomès la.
b Alma 39:5–6.
c D&A 82:21; 104:9–10.
d GE Dyab.

27^a GE Blasfèm, blasfeme;
Peche enpadonab.

b Mat. 12:31–32;
Ebre 6:4–6;
D&A 76:31–35.
GE Pitit pèdisyon yo.
c GE Danasyon, dane.

29^a GE Abraram.
30^a Jen. 12:1–3; 13:16.
GE Abraram—
Desandan Abraram yo;

Alyans Abraram.
b 2 Ne. 3:6–16.
c Jen. 15:5; 22:17.
31^a D&A 86:8–11; 110:12.
32^a Jan 8:39;
Alma 5:22–24.
34^a Jen. 16:1–3.
b GE Sara.

‘Aga kòm madanm. Epi poukisa Sara te fè sa? Paske se te lalwa a; epi anpil moun te soti nan Aga. Se poutèt sa, bagay sa a ak lòt bagay te akonpli pwomès yo.

35 Èske Abraram te sou kon-danasyon? Gade m di ou non; paske mwenmenm Senyè a, m te ‘kòmande sa.

36 Abraram te gen ‘kòmand-man pou l ofri pitit gason li a, ^bIzarak; sepandan, ekriti a te di: Ou pa dwe ‘touye moun. Malgre sa, Abraram pat refize, epi te konte pou li kòm ‘lajistis.

37 Abraram te resevwa ‘man-mzèl, epi yo te fè pitit pou li; epi sa te konte pou li kòm lajistis, paske m te ba li yo, epi li te obeyi lalwa mwen; menm jan Izarak ak ^bJakòb tou ki pa t fè okenn bagay m pa t kòmande yo; epi paske yo pa t fè okenn bagay m pa t kòmande yo, yo antre nan ‘egzaltasyon yo, dapre pwomès yo, epi yo chita sou twòn, epi yo pa zanj, men yo se bondye.

38 ‘David tou te resevwa ^ban-pil madanm ak manmzèl, ak Salomon ak Moyiz, sèvitè m yo, menm jan avèk anpil lòt nan sèvitè m yo, depi nan kòmansman kreyasyon an jouk kounyeya; epi yo pa t fè peche nan okenn

bagay eksepte sa yo pa t resevwa nan men mwen.

39 Senyè a di, se mwen ki te ‘bay David madanm ak manmzèl li yo, pa lantremiz Natan, sèvitè m nan, ak lòt pami pwofèt mwen yo ki te gen ^bkle pouvwa sa a; epi li pa t peche nan okenn nan bagay sa yo kont mwen, eksepte nan ka ‘Iri ak madanm li an; epi se poutèt sa, li tonbe nan egzaltasyon li a, epi li resevwa pòsyon pa li; epi li p ap eritye yo andeyò mond lan, paske m te ‘bay yon lòt moun yo.

40 M se Senyè Bondye w la, epi m ba ou, sèvitè m nan, Joseph, responsablite pou ou ‘retabli tout bagay. Mande sa ou vle, epi w ap resevwa l dapre pawòl mwen.

41 Epi kòm ou te mande konsènan adiltè, an verite, an verite, m di ou, si yon gason resevwa yon madanm nan nouvo alyans etènèl la, epi si madanm nan avèk yon lòt gason, epi se pa mwen ki te bay madanm nan li pa mwayen onksyon sen an, madanm nan komèt adiltè epi l ap detwi.

42 Si madanm nan pa nan nouvo alyans etènèl la, epi li avèk yon lòt gason, li ‘komèt adiltè.

34c Jen. 25:12–18.

GE Aga.

35a Jakòb 2:24–30.

36a Jen. 22:2–12.

b GE Izarak.

c Egz. 20:13.

d Jakòb 4:5.

GE Jis, jistis.

37a svd lòt fanm yo.

Jen. 25:5–6.

b Jen. 30:1–4;

D&A 133:55.

GE Jakòb, pitit gason Izarak.

c GE Egzaltasyon; Lèzòm, lòm—Lòm, gen potansyalite pou vin tankou Papa Bondye.

38a GE David.

b 1 Sam. 25:42–43;

2 Sam. 5:13;

1 Wa 11:1–3.

39a 2 Sam. 12:7–8.

b GE Kle prèttriz la.

c 2 Sam. 11:4, 27; 12:9;

1 Wa 15:5.

GE Adiltè; Ansasen.

d Jer. 8:10.

40a I—JS 1:33.

GE Retablisman levanjil la.

42a D&A 42:22–26.

43 Epi si mari l avèk yon lòt fi, epi li te sou sèman, li vyole "sèman an epi li komèt adiltè.

44 Epi si madanm nan pa kòmèt adiltè, men, li inosan epi l pa vyole sèman an, epi l konnen sa, epi l revele ou sa, sèvitè m nan, Joseph, lè sa a w ap gen pouvwa, pa pouvwa Prètriz Sen mwen an, pou ou pran l epi pou ou bay yon lòt moun ki pat komèt adiltè l, men ki te "fidèl; paske lòt moun sa a pral vin yon dirijan sou tèt anpil lòt.

45 Paske m te konfere "kle ak pouvwa prètriz yo sou ou, kote m te ^bretabli tout bagay, epi m ap fè ou konnen tout bagay lè tan an rive.

46 Epi an verite, an verite, mwen menm, Senyè a, di ou, nenpòt bagay ou "sele sou tè a ap sele nan syèl la; epi nenpòt bagay ou lye sou tè a nan non mwen epi avèk pawòl mwen, ap lye etènèlman nan syèl la; epi nenpòt peche w ^bpadone sou tè a ap padone etènèlman nan syèl la; epi nenpòt peche ou pa padone sou tè a p ap padone nan syèl la.

47 Senyè a di, epi ankò, an verite m di, nenpòt moun ou beni m ap beni l, epi nenpòt moun ou modi m ap "modi l; paske mwenmenm Senyè a, m se Bondye w la.

48 Senyè a di, epi ankò, an ve-

rite m di ou, sèvitè m nan Joseph, nenpòt sa ou bay sou tè a, epi nenpòt moun ou bay yon moun sou tè a, pa pawòl mwen epi daprè lalwa mwen, m ap vizite l avèk benediksyon epi se pa ak malediksyon, epi avèk pouvwa mwen, epi li p ap gen kondanasyon sou tè a ak nan syèl la.

49 Paske m se Senyè Bondye w la, epi m ap avèk ou menm jiska "lafen mond lan, epi nan tout letènite; paske, an verite, m ^bsele sou tè ou "egzaltasyon ou, epi m prepare yon twòn pou ou nan wayòm Papa mwen an, avèk Abraram, "papa ou.

50 Gade, m wè "sakrifis ou yo, epi m ap padone tout peche ou yo; m wè sakrifis ou yo nan obeyisans sa m te di ou. Se pou-tèt sa, ale, epi m fè yon chemen pou ou chape, menm jan m te ^baksepte ofrann Abraram ak pitit gason li a, Izarak.

51 Senyè a di, an verite, m di ou: M bay sèvant mwen an, Emma Smith, madanm m te ba ou a, kòmandman, pou l metrize tèt li epi pou l pa pran bagay m te kòmande ou pou ou ofri l la; paske m te fè sa pou m kapab teste nou tout, menm jan m te fè Abraram nan, pou m kapab reklame yon ofrann nan men ou, nan alyans ak sakrifis.

43a GE Alyans;
Maryaj, marye.
44a GE Chastete.
45a GE Kle prètriz la.
b Tra. 3:21;
D&A 86:10.
GE Retablisman
levanjil la.

46a GE Sele, sèlman.
b GE Remisyon
peche yo.
47a Jen. 12:1-3;
D&A 124:93.
49a Mat. 28:20.
b D&A 68:12.
c D&A 5:22.

GE Apèl ak eleksyon.
d Jen. 17:1-8;
2 Ne. 8:2.
50a GE Sakrifis.
b Jen. 22:10-14;
D&A 97:8.

52 Senyè Bondye a di, epi se pou sèvant mwen an, “Emma Smith, resevwa tout moun m te bay sèvitè m nan, Joseph, ki gen vèti epi ki pi devan mwen; epi sa ki pa t pi epi ki te di yo pi yo, y ap detwi.

53 Paske m se Senyè Bondye ou la, epi ou dwe obeyi vwa mwen; epi m akòde sèvitè m nan, Joseph, pou l vin dirijan sou tèt anpil bagay; paske li te “fidèl sou tèt kèk bagay, epi depi kounyeya, m ap ranfòse l.

54 Senyè a di, epi m kòmande sèvant mwen an, Emma Smith, pou l obeyi epi pou l atache avèk sèvitè m nan, Joseph, epi non pa avèk pèsonn lòt. Men, si l pa obeyi kòmandman sa a, l ap detwi; paske m se Senyè Bondye w la, epi m ap detwi l si l pa obeyi lalwa mwen an.

55 Men, si l pa obeyi kòmandman sa a, lè sa a sèvitè m nan, Joseph Smith pral fè tout bagay pou li jan l te di a menm; epi m ap beni l, m ap multipliyè l, epi m ap ba li “san fwa plis nan mond sa a, yon kantite papa, ak manman, frè ak sè, kay ak tè, madanm ak pitit, epi anpil kouwòn ^blavi etènèl nan mond etènèl yo.

56 Epi ankò, an verite m di, se pou sèvant mwen an “padone sèvitè m nan, Joseph peche li yo; epi lè sa a, peche Emma te fè kont mwen yo ap padone;

epi mwenmenm Senyè Bondye ou la, m ap beni Emma epi m ap multipliyè l, epi m ap fè kè l rejwi.

57 Epi ankò, m di, se pou sèvitè m nan, Joseph, pa wete pwopriyete l yo nan men pa l, pou yon ènmi pa vin detwi l; paske Satan ap “chèche pou l detwi; paske m se Senyè Bondye w la, epi Joseph se sèvitè m; epi gade, m avèk li menm jan m te avèk Abraram nan, papa ou, menm jouk nan ^begzaltasyon li ak laglwa li.

58 Kounyeya, konsènan lalwa “prètriz la, gen anpil ki gen rapò avèk sa.

59 An verite, si Papa a aple yon moun, menm jan avèk “Aawon, pa vwa pa mwen, epi pa vwa moun ki te voye m nan, epi m dote l avèk ^bkle pouvwa prètriz sa a, si l fè nenpòt bagay nan non mwen, epi dapre lalwa mwen ak pawòl mwen, li p ap fè peche, epi m ap jistifye l.

60 Senyè Bondye ou la di, se poutèt sa, se pou pèsonn pa jije sèvitè m nan, Joseph; paske m ap jistifye l; paske li pral fè sakrifis m reklame nan men l pou transgresyon l yo.

61 Epi ankò, konsènan lalwa prètriz la—si nenpòt gason pran yon “vyèj kòm madanm li, epi li vle marye avèk yon ^blòt, epi premye a bay konsantman l, epi si l marye avèk dezyèm nan, epi

52a GE Smith,
Emma Hale.

53a Mat. 25:21;
D&A 52:13.

55a Mak 10:28–31.
b GE Fanmi—
Fanmi etènèl;

Lavi etènèl.

56a GE Padon.

57a Mat. 10:28.

b GE Egzaltasyon.

58a D&A 84:19–26.

GE Prètriz.

59a Ebre 5:4.

GE Aawon, frè
Moyiz la.

b GE Kle prètriz la.

61a GE Vyèj.

b DO 1.

GE Maryaj, marye—
Maryaj pliral.

yo vyèj, epi yo sèmanje pou yo pa gen okenn lòt gason, lè sa a li jistifye; li pa kapab komèt adiltè paske li resevwa yo; paske li pa kapab komèt adiltè avèk yon moun ki pou li epi ki pa pou pèsonn lòt moun.

62 Epi si lalwa sa a ba li dis vyèj, li pa kapab komèt adiltè, paske yo pou li, epi li resevwa yo; se poutèt sa, li jistifye.

63 Men, si youn oubyen nenpòt nan dis vyèj yo vin avèk yon lòt gason apre l fin marye avèk li, vyèj sa a komèt adiltè, epi l ap detwi; paske gason an te resevwa yo pou "miltipliye epi pou devlope tè a, dapre kòmandman mwen, epi pou akonpli pwomès Papa m te bay anvan fondasyon mond lan, epi pou egzaltasyon yo nan mond etènèl yo, pou yo kapab pote nanm lèzòm; paske se nan sa ^btravay Papa m nan ap kontinye, pou l kapab glorifye.

64 Senyè Bondye w la di, epi ankò, an verite, an verite, m di ou, si nenpòt gason ki gen kle yo pou pouvwa sa, e li gen yon

madanm, epi li ansenye madanm nan lalwa prèttriz mwen an, konsènan bagay sa yo, lè sa a li dwe kwè epi li dwe administrè pou li, oubyen l ap detwi; paske m ap detwi madanm sa a; paske m ap mayifye non mwen sou tout moun ki resevwa epi ki obeyi lalwa mwen.

65 Se poutèt sa, se yon bagay k ap legal pou mwen si madanm nan pa resevwa lalwa sa a, pou mari a resevwa tout bagay mwen menm Senyè Bondye li a, m pral ba li, paske madanm nan pa t kwè epi li pa t administrè pou mari a dapre pawòl mwen; apre sa, madanm nan vin tounen transgresè a; epi li egzante anba lalwa Sara a, ki te administrè pou Abraram dapre lalwa a lè m te kòmande Abraram pou l pran Aga kòm madanm.

66 Epi kounyeya, konsènan lalwa sa a, an verite, an verite, m di ou, m pral revele ou plis bagay apre sa; se poutèt sa, sa ase pou kounyeya. Gade, m se Alfa ak Omega. Amèn.

SEKSYON 133

Revelasyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan Hiram, Ohio, 3 Novanm 1831. Kòm prefas pou revelasyon sa a, Istwa Joseph Smith la deklare: "Nan epòk sa a te gen anpil bagay Ansyen yo ki nan Legliz la te vle konnen konsènan preche levanjil la devan abitan yo ki sou tè a, epi konsènan rasanbleman an; epi pou yo kapab mache bò kote vrè limyè a, epi pou yo resevwa enstriksyon anlè a, nan twa Novanm 1831, m te mande Senyè a epi m te resevwa revelasyon enpòtan sa a." Seksyon sa a te ajoute nan liv Doktrin ak Alyans yo kòm yon adisyon epi yo te ba li nimewo yon seksyon annapre.

1-6, *Sen yo resevwa kòmandman pou yo prepare Dezyèm vini an*; 7-16, *Tout moun resevwa kòmandman pou yo kouri kite Babilòn, vini nan Siyon, epi pou yo prepare pou gran jou Senyè a*; 17-35, *Li pral kanpe sou mòn Siyon an, kontinan yo pral vin tounen yon sèl tè, epi tribi Izrayèl ki te pèdi yo pral retounen*; 36-40, *Levanjil la te retabli pa lantremiz Joseph Smith pou yo preche l nan tout mond lan*; 41-51, *Senyè a pral desann nan vanjans sou mechan yo*; 52-56, *Se pral ane moun Li rachte yo*; 57-74, *Yo dwe voye levanjil la pou sove Sen yo epi pou destriksyon mechan yo.*

SENYÈ Bondye nou an di, O, pèp legliz mwen an, koute epi tande pawòl Senyè a konsènan nou—

2 Senyè a ki pral “vini nan tanp li a sanzatan nan; Senyè a ki pral desann sou mond lan avèk yon malediksyon pou ^bjijman an; wi, sou tout nasyon ki bliye Bondye yo, epi sou tout ate ki pami nou yo.

3 Paske li pral ^aleve ponyèt li devan je tout nasyon yo, epi tout kwen tè a pral wè ^bsali Bondye yo a.

4 Se sa ki fè, pare nou, pare nou, O pèp mwen an; sanktifye

tèt nou; rasanble ansanm, O noumenm pèp legliz mwen an, sou tè Siyon an, tout moun ki pa t resevwa kòmandman pou yo rete.

5 Wete kò nou nan “Babilòn. nou dwe ^bpwòp, noumenm ki pote vesèl Senyè a.

6 Konvoke asanble solanèl nou yo, epi ^apale souvan youn avèk lòt. Epi se pou chak moun rele non Senyè a.

7 Wi, an verite m di nou ankò, lè a rive pou vwa Senyè a vini sou nou: soti nan Babilòn; ^arasanble kò nou soti pami nasyon yo, soti nan ^bkat van yo, soti nan yon kwen syèl la ale nan yon lòt.

8 ^aVoye ansyen yo ki nan legliz mwen an ale nan nasyon ki lwen yo; nan ^bzile yo ki sou lanmè a; voye yo nan tout nasyon yo, premyèman ^cJanti yo, apre sa ^dJuif yo.

9 Epi gade, se pral son vwa pa yo, epi men vwa Senyè a pou tout moun: Ale nan peyi Siyon an, pou fwontyè pèp mwen an kapab laji, pou ^apye li yo ranfòse, pou ^bSiyon kapab ale nan rejyon alantou yo.

10 Wi, se pou son an ale pami tout pèp: Reveye epi leve epi ale rankontre ^aMesyè marye a; gade,

133 2a Mal. 3:1; D&A 36:8.

b D&A 1:36.

GE Jezikri—Jij.

3a Eza. 52:10.

b Eza. 12:2; 52:10.

GE Plan

redanmsyon;

Sali.

5a Alma 5:57;

D&A 1:16.

GE Babel, Babilòn;

Mondanite.

b 2 Tim. 2:21;

3 Ne. 20:41;

D&A 38:42.

GE Pi, pite.

6a Mal. 3:16-18.

7a D&A 29:8.

GE Izrayèl—

Rasanbleman

Izrayèl la.

b Zak. 2:6-7;

Mak 13:27.

8a GE Travay misyonè.

b Eza. 11:11;

1 Ne. 22:4;

2 Ne. 10:8, 20.

c GE Janti yo.

d GE Juif yo.

9a Eza. 54:2.

GE Pye.

b GE Siyon.

10a Mat. 25:6;

D&A 33:17-18;

45:54-59.

GE Lemarye.

Mesye marye a ap vini; ale ran-kontre l. Pare nou pou ^bgran jou Senyè a.

11 Se poutèt sa, ^aveye, paske nou pa ^bkonnen ni jou a ni lè a.

12 Se pou moun ki ^apami Janti yo kouri ale nan ^bSiyon.

13 Epi se pou moun ^aJida yo kouri ale nan ^bJerizalèm, sou ^cmòn ^akay Senyè a.

14 Soti pami nasyon yo, sa vle di nan Babilòn, nan mitan mechanste, ki se Babilòn espiritiyèl la.

15 Men an verite, Senyè a di konsa, pa kouri twò ^avit, men, se pou tout bagay pare devan nou; epi yon moun ki prale, li pa dwe ^bgade dèyè pou yon destriksyon sanzatann pa tonbe sou li.

16 Koute epi tande, O noumenm abitan yo ki sou tè a. ^aKoute, noumenm ansyen yo ki nan legliz mwen an ansanm, epi tande vwa Senyè a; paske l ap rele tout moun, epi li kòmande tout moun tout kote pou yo ^brepanti.

17 Paske gade, Senyè Bondye a ^avoye zanj li a k ap rele nan mitan syèl la, k ap di: Pare

chemen Senyè a, epi fè chemen li a ^bdwat, paske lè ^cvini li a ap pwoche—

18 Lè Ti ^aMouton an pral kanpe sou ^bMòn Siyon, epi avèk li pral gen ^csan karann kat mil, ki gen non Papa li ekri sou fontèn tèt yo.

19 Se sa ki fè, prepare nou pou ^avini n ^bMesye marye a; ale, ale pou nou rankontre l.

20 Paske gade, li pral ^akanpe sou mòn Olivye a, ak sou oseyan pisan an, sou gwo pwofondè a menm, ak sou zile yo ki sou lanmè a, ak sou tè Siyon an.

21 Epi li pral ^aleve vwa l soti nan ^bSiyon, epi li pral pale nan Jerizalèm, epi yo pral tande vwa li pami tout pèp;

22 Epi se pral yon vwa tan-kou ^avwa yon gwo dlo, epi tan-kou vwa yon gwo ^bloray ki pral ^ckraze mòn yo, epi yo p ap jwenn vale yo.

23 Li pral kòmande gwo pwofondè a, epi pwofondè a pral retounen nan peyi nò yo, epi ^azile yo pral tounen yon sèl tè;

24 Epi peyi ^aJerizalèm nan ak peyi Siyon an pral retounen nan plas yo a ankò, epi tè a pral vin

10b D&A 1:12-14.

11a Mak 13:32-37;

M—JS 1:46, 48.

b D&A 49:7.

12a D&A 38:31, 42.

b GE Siyon.

13a GE Jida.

b GE Jerizalèm.

c Eza. 2:1-3;

Ezek. 38:8.

d Sòm 122.

15a Eza. 52:10-12;

D&A 58:56.

b Jen. 19:17, 26;

Lik 9:62.

16a D&A 1:1-6.

b GE Repantans, repanti.

17a D&A 13; 27:7-8; 88:92.

b Eza. 40:3-5.

c Mal. 3:1.

18a Apok. 14:1.

GE Ti mouton

Bondye.

b D&A 84:2.

c Apok. 7:1-4.

19a Mat. 25:1-13;

D&A 33:17-18; 88:92.

GE Dezyèm

Vini Jezikri.

b GE Lemarye.

20a Zak. 14:4;

D&A 45:48-53.

21a Jowèl 3:16;

Amòs 1:2.

b Eza. 2:2-4.

22a Ezek. 43:2;

Apok. 1:15;

D&A 110:3.

b Sòm 77:18;

Apok. 14:2.

c Jij 5:5;

Eza. 40:4; 64:1;

Apok. 16:20;

D&A 49:23; 109:74.

23a Apok. 6:14.

24a GE Jerizalèm.

tankou l te ye nan epòk anvan l te ^bdivize a.

25 Epi Senyè a, Sovè a menm, pral kanpe nan mitan pèp li a, epi l pral ^arenye sou tout kò fizik.

26 Epi moun ki nan peyi ^anò yo, Senyè a pral sonje yo; epi pwofèt yo pral tandè vwa li, epi yo p ap kenbe tèt yo ankò; epi yo pral frape wòch yo, epi glas la pral fonn nan prezans yo.

27 Epi yon ^agranri pral bati nan mitan gwo pwofondè a.

28 Ènmi yo pral tounen manje nan men yo,

29 Epi nan ^asavann dezole a pral gen lak dlo vivan ki pral parèt; epi tè sèch la p ap yon tè ki swaf ankò.

30 Epi yo pral pote trezò rich yo pou pitit ^aEfrayim yo, sèvitè m yo.

31 Epi fwontyè ^akolin etènèl yo pral tranble nan prezans yo.

32 Epi se la yo pral tonbe epi yo pral kouwone avèk laglwa, nan Siyon menm, anba men sèvitè Senyè a, pitit Efrayim yo menm.

33 Epi yo pral ranpli avèk ^akan-tik lajwa etènèl la.

34 Gade, se benediksyon Bondye etènèl la sou ^atribi Izrayèl

yo, ak benediksyon ki pi rich la sou tèt ^bEfrayim ak patizan l yo.

35 Epi moun ki nan tribi ^aJida yo tou, apre doulè yo, yo pral sanktifye nan ^bsentete devan Senyè a, pou yo rete nan prezans li.

36 Epi kounyeya, an verite, Senyè a di, pou moun kapab konnen bagay sa yo pami nou, O abitan yo ki sou tè a, m voye ^azanj mwen vole nan mitan syèl la, avèk ^blevanjil etènèl la, ki parèt devan kèk moun epi ki bay lèzòm li, ki pral parèt devan anpil moun ki rete sou tè a.

37 Epi ^alevanjil sa a pral ^bpreche devan ^cchak nasyon, chak fanmi, chak lang, chak pèp.

38 Epi sèvitè Bondye yo prale, pou yo di avèk yon vwa fò: Gen lakrent pou Bondye epi ba li laglwa, paske lè jijman li a rive;

39 Epi ^aadore limenm ki te fè syèl la, ak tè a, ak lanmè a, ak fontèn dlo yo—

40 Rele non Senyè a lajounen tankou nan nuit, di konsa: O w ta dwe ^afann syèl la, ou ta dwe desann, pou mòn yo ta kapab plati an prezans ou.

41 Epi repons la pral tonbe sou tèt yo; paske prezans Senyè a pral tankou dife wouj k ap

24b Jen. 10:25.

GE Tè—

Separasyon tè a.

25a GE Jezikri—

Gouvènman

Milenyòm Kris la.

26a Jer. 16:14-15;

D&A 110:11.

GE Izrayèl—Dis tribi

pèdi Izrayèl yo.

27a Eza. 11:15-16;

2 Ne. 21:16.

29a Eza. 35:6-7.

30a Zak. 10:7-12.

GE Efrayim—Tribi

Efrayim nan.

31a Jen. 49:26.

33a Eza. 35:10; 51:11;

D&A 66:11.

34a GE Izrayèl—Douz

tribi Izrayèl yo.

b Jen. 48:14-20;

1 Kwo. 5:1-2;

Ètè 13:7-10.

35a GE Jida—Tribi Jida a.

b GE Sentete.

36a Apok. 14:6-7;

D&A 20:5-12.

b GE Retablisman

levanjil la.

37a GE Levanjil.

b GE Preche;

Travay misyonè.

c D&A 42:58.

39a GE Adorasyon.

40a Eza. 64:1-2.

boule, epi tankou dife ki fè dlo "bouyi.

42 O Senyè, ou pral desann pou ou fè advèsè ou yo konnen non ou, epi tout nasyon pral tranble nan prezans ou—

43 Lè ou fè bagay ki tèrib, bagay yo pa espere;

44 Wi, lè ou desann, epi mòn yo pral plati nan prezans ou, ou pral "rankontre moun ki rejwi epi ki fè lajistis la, ki sonje ou nan fason ou yo.

45 Paske depi nan kòmansman mond lan lèzòm pa t tande ni tou yo pa t aprann avèk zòrèy yo, ni tou okenn je pa t wè, O Bondye, eksepte ou menm, ki gran bagay ou "pare pou moun k ap ^brete tann ou.

46 Epi moun pral di: "kiyès sa a ki desann ^bsoti kote Bondye nan syèl la avèk rad li tache a; wi, nan rejyon nou pa konnen yo, ki abiye avèk rad gloriye li a, k ap vwayaje avèk tout grandè fòs li a?

47 Epi li pral di: Se mwen menm ki te pale avèk lajistis la, ki gen pouvwa pou sove moun.

48 Epi rad Senyè a pral "wouj, epi gaman l pral tankou yon moun ki t ap travay nan faktori diven.

49 Epi laglwa prezans li pral tèlman gran, "solèy la pral kache

figi l avèk wont, epi lalin nan pral wete limyè pa l, epi zetwal yo pral tonbe soti nan plas yo.

50 Epi moun pral tande vwa l: M te "mete anba près diven an pou kont mwen, epi m pote jijman sou tout moun; epi pèsonn pa t avèk mwen

51 Epi m te pilonnen yo lè m te fache a, epi m te pyetine yo nan kòlè mwen, epi m te awoze gaman mwen avèk san yo, epi m te "tache tout rad mwen; paske se te jou vanjans ki te nan kè mwen an.

52 Epi kounyeya jou moun m te rachte yo rive; epi yo pral mansyone bon jantiyès Senyè yo a, ak tout sa li te devèse sou yo akoz bonte l, epi akoz bon jantiyès li, pou toujou ajamè.

53 Nan tout "afliksyon moun sa yo, li te aflije. Epi zanj ki nan prezans li a te sove yo; epi nan ^bamou li, ak nan pitye li, li te "rachte yo, epi l te sipòte yo, epi l te pote moun nan tan ansyen yo;

54 Wi, "Enòk tou, ak moun ki te avèk li yo; pwofèt ki te anvan l yo; ak ^bNoye tou, ak moun ki te anvan l yo; ak "Moyiz tou, ak moun ki te anvan l yo;

55 Epi depi nan Moyiz jouk nan Eli, epi depi nan Eli jouk nan Jan, ki te avèk Kris la nan "rezirèksyon li a, ak apot sen yo,

41a Jòb 41:31.

44a 1 Tes. 4:15-18.

45a Eza. 64:4;

1 Kor. 2:9.

b Lam. 3:25;

2 Ne. 6:7, 13.

46a Eza. 63:1-2.

b GE Dezyèm

Vini Jezikri.

48a Jen. 49:11-12;

Lik 22:44;

Apok. 19:11-15;

TJS Apok. 19:15

(Apendis);

Mozya 3:7;

D&A 19:18.

49a Eza. 13:10; 24:23;

D&A 45:42; 88:87.

50a Eza. 63:2-3;

D&A 76:107;

88:106.

51a Lev. 8:30.

53a Eza. 63:4-9.

b GE Charite.

c GE Redanmtè,

restablisman,

redanmsyon.

54a GE Enòk.

b GE Noye, patriyach

biblik.

c GE Moyiz.

55a GE Rezirèksyon.

avèk Abraram, Izarak, epi Jakòb, ki pral nan prezans Ti Mouton an.

56 Epi ^atonb ^bsen yo pral ^clou-vri; epi yo pral leve pou yo kanpe bò kote ^ddwat Ti Mouton an, lè l kanpe sou ^emòn Siyon an, ak sou vil sen an, ^fNouvo Jerizalèm nan; epi yo pral chante ^gkantik Ti ^hMouton an, lajounen tankou nan nuit pou toujou ajamè.

57 Epi poutèt rezon sa a, pou lèzòm kapab vin pataje nan ^alaglwa ki te gen pou revele yo, Senyè a te voye plenitid ^blevanjil li a, alyans etènèl li a, ki rezon klèman epi avèk senplisite—

58 Pou pare moun ki fèb yo pou bagay k ap vini sou tè a, epi pou misyon Senyè a nan jou moun ki ^afèb yo pral konfonn moun ki saj yo, epi pou ^bti piti a kapab vin tounen yon nasyon fò, epi sèlman ^cde pral dewoute santèn milye ladan yo.

59 Epi pa mwayen bagay ki fèb sou tè a Senyè a pral ^apilonnen nasyon yo avèk pouvwa Lespri l.

60 Epi se pou rezon sa a Bondye te bay kòmandman sa yo; moun yo te gen kòmandman

pou kenbe yo lwen mond lan nan epòk yo te resevwa yo a, men, kounyeya yo dwe ^aale jwenn ^btout moun—

61 Epi sa fèt daprè panse ak volonte Senyè a, ki gouvènè sou tout moun.

62 Epi yon moun ki ^arepanti epi ki ^bsanktifye tèt li devan Senyè a l ap rezonvwa ^clavi etènèl.

63 Epi pou moun ki pa ^akoute vwa Senyè a, pawòl bouch pwo-fèt Moyiz te pale a pral akonpli, pawòl ki di yo pral ^bretranche pami pèp la.

64 Epi tou, bagay pwofèt ^aMalachi te ekri a: Paske, gade, ^bjou ki pral ^cboule tankou yon founo a pral rive epi tout lògeye yo, wi, tout moun k ap fè mechanste yo pral tankou pay; epi Senyè tout Lame yo di jou k ap vini an pral tèlman boule yo, p ap rete ni rasin ni branch.

65 Se sa ki fè, men repons Senyè a ba yo:

66 Nan jou sa a lè m vin kote moun pa m yo, pèsonn pami nou pa t ^aresevwa m, epi yo te mete nou deyò.

67 Lè m te rele ankò pa t gen okenn moun pami nou

56a D&A 29:13.

b GE Sen (non).

c D&A 45:45–46; 88:96–97.

d Mat. 25:33–34.

e Eza. 24:23;

Apok. 14:1; D&A 76:66; 84:2, 98–102.

f GE Nouvo Jerizalèm.

g Apok. 15:3; D&A 84:98–102.

h GE Ti mouton Bondye.

57a GE Degre glwa.

b GE Levanjil.

58a Mat. 11:25;

1 Kor. 1:27;

Alma 32:23; 37:6–7.

b Eza. 60:22.

c Det. 32:29–30.

59a Miche 4:11–13.

60a D&A 104:58–59.

b D&A 1:2.

62a GE Repantans, repanti.

b D&A 88:74.

GE Sanktifikasyon.

c GE Lavi etènèl.

63a GE Koute.

b Tra. 3:22–23;

1 Ne. 22:20–21;

3 Ne. 20:23; 21:11;

D&A 1:14;

I—JS 1:40.

64a Mal. 4:1.

GE Malachi.

b I—JS 1:36–37.

c Eza. 66:15–16;

1 Ne. 22:15;

3 Ne. 25:1;

D&A 29:9; 64:24.

GE Tè—Netwayaj tè a.

66a Jan 1:11.

ki reponn; malgre sa, “ponyèt mwen pa t rakousi ditou pou m pa ta kapab rachte moun, ni ^bpouvwa m tou pou m delivre moun.

68 Gade, lè m kòmande, m “seche lanmè a, m fè rivyè yo tounen yon dezè; pwason yo mouri, epi yo mouri anba swaf.

69 M abiye syèl la an nwa, epi m fè sak tounen rad li.

70 Epi men “sa nou pral resevwa nan men m—nou pral kouche nan tristès.

71 Gade, pa gen pèsonn pou delivre nou; paske nou pa t obeyi vwa m lè m te rele nou anlè nan syèl la; Nou pa t kwè sèvitè m yo, epi lè m te “voye yo kote nou, nou pa t resevwa yo.

72 Se sa ki fè, yo te “sele temwayaj la epi yo te mare lalwa a, epi ou livre anba tenèb.

73 Moun sa yo prale nan tenèb deyò yo, kote ki gen “kriye. rele, ak manje dan.

74 Gade, Senyè Bondye w la te pale sa. Amèn.

SEKSYON 134

Yon deklarasyon kwayans konsènan gouvènman ak lalwa an jeneral, ki te adopte pa mwayen vòt jeneral nan yon asanble jeneral Legliz la ki te fèt nan Kirtland, Ohio, 17 Out 1835. Anpil Sen te rasanble ansanm pou yo te konsidere sa ki te nan premye edisyon Doktrin ak Alyans yo. Nan epòk sa a, yo te resevwa deklarasyon sa a avèk prefas sa a: “Pou moun pa mal entèprete ni mal konprann kwayans nou konsènan gouvènman terès yo ak lalwa yo an jeneral, nou te panse sa apwopriye pou nou prezante, nan finisman liv sa a, opinyon nou konsènan bagay sa a.”

1–4, *Gouvènman yo ta dwe prezève libète konsyans ak libète adorasyon; 5–8, Tout moun dwe kore gouvènman pa yo epi montre respè ak obeyisans pou lalwa yo; 9–10, Legliz yo Sosyete relijyon pa ta dwe egzèse pouvwa sivil; 11–12, Lèzòm jistifye nan defann tèt yo ak pwo-priyete yo.*

Nou kwè se Bondye ki te tabli

“gouvènman pou benefis lòm; epi li rann lèzòm ^bresponsab pou aksyon yo an relasyon avèk gouvènman ak lalwa yo, ni lè y ap tabli ak lè y ap administre lalwa yo, pou byen ak sekirite sosyete a.

2 Nou kwè okenn gouvènman pa kapab egziste nan lapè, eksepte si lalwa yo aplike epi san yo pa vyole yo pou pèmèt chak

67a 2 Ne. 28:32.

b Eza. 50:2;

2 Ne. 7:2.

68a Egz. 14:21;

Joz. 3:14–17.

70a Eza. 50:11.

71a 2 Kwo. 36:15–16;

Jer. 44:4–5.

72a Eza. 8:16–20.

73a Mat. 8:11–12;

Lik 13:28;

D&A 19:5.

GE Lanfè;

Tenèb, espiritiyèl.

134 1a D&A 98:4–7;

AL 1:12.

b GE Responsab, responsablite.

moun egzèsè yon "konsyans ki lib, dwa pou l kontwole pwopriyete li, ak pwoteksyon lavi li.

3 Nou kwè tout gouvènman gen nesosite pou yo bezwen "ofisyè sivil ak majistra pou fè aplike lalwa li yo; epi yo ta dwe chèche moun pou administre lalwa yo egalego epi avèk lajistis epi vwa pèp la dwe aksepte yo si se yon repiblik oubyen volonte souverèn an.

4 Nou kwè se Bondye ki tabli relijyon; epi lèzòm gen kont pou yo rann li, sèlman li menm, pou pratik relijyon, eksepte si relijyon yo a enspire yo pou yo pran pye sou dwa ak libète lòt moun; men, nou pa kwè lalwa lèzòm gen dwa pou mele nan zafè preskri règ pou "adorasyon pou mare konsyans lèzòm, ni pou dikte fòm pou devosyon piblik oubyen prive; majistra sivil yo dwe anpeche krim, men, jamè kontwole konsyans; yo ta dwe pini tò, men, jamè toufe libète nanm moun.

5 Nou kwè lèzòm gen obligasyon pou yo soutni epi pou yo kore gouvènman pa yo kote yo rete a, toutotan gouvènman sa a ap pwoteje yo nan dwa sakre yo eritye; epi dezòd ak "rebelyon pa dezirab pou okenn sitwayen ki pwoteje konsa, epi yo ta dwe pini si yo fè sa; epi tout gouvènman gen dwa pou aktive lalwa konsa dapre jan pwòp jijman pa yo kalkile ki nan sekirite enterè piblik; nan menm tan an, pou yo

konsidere libète konsyans kòm sakre.

6 Nou kwè chak moun dwe jwenn onè nan pozisyon pa l, kòm dirijan, ak majistra, paske yo plase pou pwoteje inosan ak pini moun ki koupab; epi tout moun dwe gen respè ak konsiderasyon pou "lalwa yo, paske san lalwa yo anachi ak dezòd t ap pran pye sou lapè ak amoni; paske lalwa lèzòm yo tabli nan objektif menm pou mete an règ enterè nou kòm endividi ak nasyon, ant moun ak moun; epi lalwa divèn yo soti nan syèl, yo preskri règ sou zafè espirityèl, pou lafwa ak adorasyon, pou tou de bagay sa yo lòt dwe rann Kreyatè yo a kont.

7 Nou kwè, dirijan, leta ak gouvènman gen dwa, epi yo gen obligasyon pou egzèsè lalwa pou pwoteksyon tout sitwayen nan egzèsis lib konsènan kwayans relijyon yo; men, nou pa kwè yo gen dwa dapre lajistis pou yo wete privilèj sa a nan men sitwayen yo, oubyen pou yo defann yo gen opinyon yo, toutotan sitwayen yo montre respè ak reverans pou lalwa yo epi opinyon relijye sa yo pa jistifye divizyon ni konspirasyon.

8 Nou kwè lè moun komèt krim, lalwa gouvènman kote yo rete a ta dwe "pini yo, dapre kalite ofans la; tankou asasina, trayizon, vòl, ak twouble lapè piblik, nan tout sans, ta dwe pini dapre enpòtans yo ak tandans

2a GE Konsyans.

b GE Lib abit.

c D&A 42:18-19.

3a D&A 98:8-10.

4a Alma 21:21-22;

AL 1:11.

GE Adorasyon.

5a AL 1:12.

GE Rebelyon.

6a D&A 58:21; 88:34.

8a Alma 30:7-11;

D&A 42:84-87.

yo genyen pou fè mal pami lèzòm; epi pou lapè piblik ak tran-kilite, tout moun ta dwe avanse epi itilize kapasite yo pou yo mennen moun ki vyole lalwa ki jis yo nan kondanasyon.

9 Nou pa kwè li jis pou melanje enfliyans relijyon avèk gouvènman sivil, kote yon sosyete relijye gen avantaj epi yon lòt pèdi nan privilèj espirityèl li, epi yo nye dwa manm ki ladan yo kòm sitwayen.

10 Nou kwè tout sosyete relijye gen dwa regle avèk manm yo pou konduit dezòdone, dapre lalwa ak regleman sosyete a; depi regleman sa a se pou frantèite ak bon konduit; men, nou pa kwè okenn sosyete relijye gen otorite pou jije lèzòm sou dwa pwopriyete oubyen lavi, pou pran byen mond sa a nan men yo, oubyen pou mete lavi yo an danje oubyen yon pati nan kò yo, oubyen pou aflije yo anba nenpòt pinisyon fizik. Yo kapab sèlman "ekskominye yo nan sosyete a, epi yo kapab pa fratè-nize ak yo.

11 Nou kwè lèzòm dwe fè apèl

ak lalwa sivil pou repare tout tò ak enjistis, kote ki gen domaj pèsonèl, nan dwa pwopriyete oubyen nan sal repitasyon, kote lalwa sa yo egziste pou pwoteje moun sa yo; men, nou kwè tout moun jistifye pou yo defann tèt yo, zanmi yo, ak pwopriyete yo, ak gouvènman yo anba move kou ak agresyon ak tout moun nan tan macheprese, kote yo pa kapab fè apèl ak lalwa pou defann yo, oubyen pou yo jwenn sekou.

12 Nou kwè li jis pou "preche levanjil la devan nasyon yo ki sou tè a, pou avèti moun ki jis yo pou sove tèt yo anba koripsyon mond lan; men, nou pa kwè li jis pou nou mele nan zafè rèstavèk-sèvant, ni preche yo levanjil la, ni batize yo kont volonte mèt yo, ni mete bouch nan zafè yo oubyen enfliyanse yo menm yon ti kras pou lakòz yo pa satisfè avèk sitiyasyon yo nan lavi sa a, epi pou mete lavi lèzòm an danje; nou kwè entèferans konsa ilegal epi li pa jis, epi li danje pou lapè chak gouvènman ki pèmèt moun yo rete nan sèvitid.

SEKSYON 135

Anons asasina Joseph Smith, Pwofèt la, ak frè li a, Hyrum Smith, Patriyach la, nan Carthage, Illinois, 27 Jen 1844. Yo te mete dokiman sa a nan fen edisyon 1844 Doktrin ak Alyans yo, ki te prèske pare pou piblikasyon lè yo te asasinan Joseph ak Hyrum Smith nan.

1-2, Joseph ak Hyrum mouri matirize nan prizon Carthage; 3, Pozisyon Pwofèt la nan laoni devwale;

4-7, San inosan yo temwanyen konsènan verite ak divinite travay la.

Pou sele temwayaj liv sa a ak Liv Mòmmon an, nou anonse lanmò anba ^amati ^bJoseph Smith, Pwofèt la, ak Hyrum Smith, Patriyach la. Moun te tire yo nan prizon ^cCarthage la, 27 Jen 1844, anviwon senkè nan aprè midi, sete yon bann chimè ki te gen zam—pentire an nwa—ki te gen anviwon 150 jiska 200 moun ki te touye yo. Yo te tire ^dHyrum an premye epi l te tonbe dousman, li te di: *M se yon moun mouri!* Joseph te brete soti bò fenèt la, epi yo te tire l rèd menm moman an, li te di konsa: *O Senyè Bondye mwenn an!* Yo te tire tou lède ankò apre yo te fin mouri, nan yon fason brital, epi yo toulède te resevwa kat bal.

2 ^aJohn Taylor ak Willard Richards, pami Douz yo, te sèl moun ki te nan sal la lè sa a; John Taylor te blese nan yon fason sovaj anba kat bal, men, li te vin geri nèt apre sa; Willard Richards te chape avèk pwovidans Bondye, san menm yon twou nan rad li.

3 Joseph Smith, ^aPwofèt ak ^bvwayan Senyè a, fè plis pou sali lèzòm nan mond sa a, pase nenpòt lòt moun ki te janm viv sou planèt sa a, eksepte Jezi sèlman. Nan yon ti espas kout ventan, li vini avèk Liv Mòmmon an, li te tradui l avèk don epi avèk pouvwa Bondye, epi li pèmèt li pibliye nan de kontinan;

li voye ^cplenitid levanjil etènèl la ki nan liv la, nan kat kwen tè a; li te vini avèk revelasyon ak kòmandman yo ki konpoze liv Doktrin ak Alyans yo sa a, ak anpil lòt dokiman saj ak ens-triksiyon pou benefis pitit lèzòm; li te rasanble anpil milye Sen Dènye Jou, li te fonde yon gwo ^dvil, epi l te kite yon popilarite ak yon non moun pa kapab asasinè. Li te viv gran, epi li te mouri gran devan je Bondye ak pèp li a; epi tankou pifò nan pami moun Senyè a te chwazi nan ansyen tan yo, li te sele misyon l ak travay li avèk pwòp ^esan pa li; epi Hyrum, frè li a tou. Nan lavi a yo pa t divize, epi nan lanmò yo pa t separe!

4 Lè Joseph t ale nan Carthage pou l livre tèt li anba pretandi reklamasyon lalwa a, de oubyen twa jou anvan yo te asasinè l la, li te di: *“M prale tankou yon ti ^amouton nan labatwa; men, m kal tankou yon maten ete; m gen yon konsyans ki klè, san ofans kont Bondye, epi kont tout moun. M AP MOURI INOSAN, EPI MOUN PRAL DI KONSÈNAN MWENN—YO TE ASASINÈN L AVÈK SANFWA.”*—Menm jou maten an, apre Hyrum te fin prepare pou l ale—èske nou ta dwe di pou l ale jwenn asasen an? Wi, paske se sa menm li te fè?—li te li paragraf sa a, prèske nan finisman douzyèm chapit Liv Etè a, nan

135 ^{1a} D&A 5:22; 6:30.
^b GE Matirize, mati.
^b GE Smith, Joseph, pitit la.
^c GE Carthage, Prizon (Etazini Damerik).

^d GE Smith, Hyrum.
^{2a} GE Taylor, John.
^{3a} GE Pwofèt.
^b GE Vwayan.
^c D&A 35:17; 42:12.
 GE Retablisman

levanjil la.
^d GE Nauvoo, Illinois (Etazini Damerik).
^e Ebre 9:16-17;
 D&A 136:39.
^{4a} Eza. 53:7.

Liv Mòmmon an, epi li te pliye paj la nan chapit la:

5 *Epi se te konsa m te priye Senyè a pou l ba Janti yo lagras, pou yo ka gen charite. Epi se te konsa Senyè a te di m: Si yo pa gen charite sa pa fè m anyen, yo te fidèl; se te poutèt sa rad ou yo ap vin "pwòp. Epi paske ou wè feblès ou, w ap vin fò, menm pou chita nan plas m te prepare nan kay papa m yo. Epi kounye a m . . . di Janti yo adye; wi, ak frè m yo m renmen anpil tou, jiskaske nou rankontre devan fotèy-^bjijman Kris la, kote tout moun ap konnen rad mwen yo pa tache ak san ou. Kounye a "temwen yo mouri, epi testaman yo toujou la.*

6 Hyrum Smith te gen karann kat ane an Febriye 1844, epi Joseph Smith te gen trant yuit an Desanm 1843; epi depi lè sa a non yo pral klase pami moun ki mouri matirize poutèt relijyon; epi sa pral pouse moun nan chak nasyon yo Liv Mòmmon an, ak liv Doktrin ak Alyans legliz la, te koute pri pi bon san nan dizevyèm syèk la pou sali moun depafini an; epi si dife a kapab limen yon "pyebwa vèt pou laglwa Bondye, nou pa bezwen mande kòmman l ap pi fasil pou l boule pyebwa sèch la,

pou l kapab pirifye jaden koripsyon an. Yo te viv pou laglwa; epi laglwa se rekonpans etènèl yo. Depi nan yon jenerasyon jouk nan yon lòt jenerasyon non yo pral pase nan posterite tankou bijou pou moun ki sanktifye.

7 Yo te inosan vizavi tout krim, jan yo te pwouve souvan anvan sa, epi sete sèlman konspirasyon moun ki trèt ak ki mechan ki te fèmen yo nan prizon; epi *san yo ki inosan* sou planche prizon Carthage la se yon gran so ki plake pou Mòmmonis okenn tribinal sou tè a pa kapab rejte, epi *san yo ki inosan* nan anblèm Eta Illinois la, avèk trayizyon Eta a kòm yon fo pwomès gouvènè a te fè, se yon temwayaj konsènan verite levanjil etènèl la tout mond lan pa kapab kontrekare; epi *san yo ki inosan* sou banyè libète a, ak sou *Magna Charta* peyi Etazini an, se yon anbasadè pou relijyon Jezikri a, ki pral touche kè moun ki onèt nan tout nasyon; epi *san yo ki inosan* ansanm avèk san tout moun inosan ki mouri matirize yo sou "lotèl Jan te wè a, pral kriye devan Senyè tout Lame yo jistan li vanje san sa a sou tè a. Amèn.

SEKSYON 136

Pawòl ak volonte Senyè a te bay Prezidan Brigham Young nan Winter Quarters, Kan Izrayèl la, Omaha Nation, sou rivaj lwès Rivyè Missouri a, toupre Council Bluffs, Iowa.

5a D&A 88:74-75.
b Etè 12:36-38.

c Ebre 9:16-17.
6a Lik 23:31.

7a Apok. 6:9.

1-16, *Fason kan Izrayèl la dwe òganize pou vwayaj nan lwès la; 17-27, Sen yo kòmande pou yo viv daprè plizyè prensip nan levanjil la; 28-33, Sen yo ta dwe chante, danse, priye, epi aprann lasajès; 34-42, Pwofèt yo pase anba asasina pou yo kapab onore epi pou mechan yo kapab kondane.*

PAWÒL ak volonte Senyè a konsènan kan Izrayèl la nan vwayaj yo pou ale nan lwès:

2 Se pou tout pèp ^aLegliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, ak moun k ap vwayaje avèk yo òganize tèt yo fè konpayi, avèk yon alyans ak yon pwomès pou yo respekte tout kòmandman ak prensip Senyè Bondye nou an.

3 Se pou konpayi yo òganize avèk kapitèn ak gwoup ^asan santèn, kapitèn gwoup alatèt gwoup senkant, ak kapitèn gwoup dis, avèk yon prezidan ak de konsye l yo alatèt yo, sou direksyon ^bDouz Apot yo.

4 Epi men ^aalyans nou pral genyen—pou nou ^bmache nan tout ^còdonans Senyè a.

5 Se pou chak konpayi ekipe tèt yo avèk tout ekipman yo, charyo, pwovizyon, rad, ak lòt bagay ki nesèsè, yo kapab pote pou vwayaj la.

6 Lè konpayi yo òganize, se pou y ale avèk pisans yo, pou prepare pou moun ki pral rete yo.

7 Se pou chak konpayi, avèk kapitèn yo ak prezidan yo, de-

side konbyen moun ki kapab ale prentan apre a; apre sa pou yo chwazi yon kantite moun ki gen kapasite ak talan ase, pou pran ekip yo, semans yo, ak materyèl pou agrikilti yo, pou ale kòm pyonye pou prepare jaden prentan an.

8 Se pou chak konpayi pote yon pwopòsyon egal, daprè kantite byen yo genyen, pou yo pran ^apòv yo, ^bvèv yo, ^còfelen yo, ak fanmi moun ki t ale nan lame yo, pou kriye vèv yo ak òfelen yo pa monte nan zòrèy Senyè a kont pèp sa a.

9 Se pou chak konpayi prepare kay, ak chan pou plante grenn, pou moun ki pral rete deyè yo nan sezon sa a: epi se volonte Senyè a konsènan pèp li a.

10 Se pou chak moun itilize tout enfliyans li ak byen li l pou plase pèp sa a nan kote Senyè a pral plase ^apye Siyon an.

11 Epi si nou fè sa avèk yon kè pi, avèk anpil fidelite, n ap ^abeni; n ap beni nan twoupo mouton nou, ak twoupo bèf nou, ak nan jaden nou, ak nan kay nou, ak nan fanmi nou.

12 Se pou sèvitè m yo, Ezra T. Benson ak Erastus Snow òganize yon konpayi.

13 Epi se pou sèvitè m yo, Orson Pratt ak Wilford Woodruff òganize yon konpayi.

14 Epi tou, se pou sèvitè m yo, Amasa Lyman ak George A. Smith òganize yon konpayi.

136 2a GE Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.

3a Egz. 18:21-26.

b GE Apot.

4a GE Alyans.

b GE Mache, mache avèk Bondye.

c GE Odonans yo.

8a GE Pòv.

b GE Vèv.

c Jak 1:27;

3 Ne. 24:5.

10a GE Pye.

11a Det. 28:1-14.

GE Benediksyon, beni.

15 Epi pou yo lonmen prezidan, ak kapitèn alatèt gwoup san, ak senkant, ak dis.

16 Epi se pou sèvitè m yo ki te lonmen yo ale ansenye sen yo volonte, pou yo kapab prepare pou ale nan yon peyi lapè.

17 Ale nan wout nou epi fè jan m di nou an, epi pa pè ènmi nou yo; paske yo p ap gen pouvwa pou rete travay mwen an.

18 Siyon pral "rachte nan pwòp tan pa m.

19 Epi si nenpòt moun chèche leve tèt pa l, epi l pa chèche "konsèy pa m, li p ap gen pouvwa, foli l ap vin piblik.

20 Chèche; epi "kenbe tout kontra nou fè youn avèk lòt; epi pa ^bkonvwate sa ki pou frè nou.

21 "Kenbe kò nou lwen mal pou nou pa lonmen non Senyè a anven, paske m se Senyè Bondye nou an, ^bBondye zansèt nou yo menm, Bondye Abraram ak Izarak ak Jakòb la.

22 Se "mwenmenm ki te dirije pitit Izrayèl yo soti an Ejipt la; epi ponyèt mwen lonje nan dènye jou yo, pou m ^bsove pèp Izrayèl mwen an.

23 Sispann fè "chirepit youn lòt; sispann pale ^bmal youn kont lòt.

24 Sispann "soule tèt nou; epi se pou pawòl nou ^bedifye youn lòt.

25 Si nou prete nan men vwazen nou, nou dwe remèt sa nou te "prete a; epi si nou pa kapab peye, ale kote vwazen nou, pou l pa kondane nou.

26 Si nou jwenn sa vwazen nou "pèdi, nou dwe chèche avèk dilijans jistan nou ba li l.

27 Nou dwe prezève sa nou genyen avèk "dilijans, pou nou kapab yon ^bresponsab ki saj; paske se don gratis Senyè Bondye nou an, epi nou responsab pou li.

28 Si nou kontan, louwe Senyè a avèk "chante, avèk mizik, avèk danse, epi avèk yon ^bpriyè louwanj ak "remèsiman.

29 Si nou "tris, rele non Senyè Bondye nou an avèk siplikasyon, pou nanm nou kapab gen ^blajwa.

30 Pa pè ènmi nou yo, paske yo nan men mwen epi m ap fè jan m vle avèk yo.

31 Pèp mwen an dwe "pase tès nan tout bagay, pou yo kapab prepare pou resevwa ^blaglwa m genyen pou yo, laglwa Siyon an menm; epi yon moun ki pa vle sipòte "chatiman, li pa diy pou wayòm mwen an.

18a D&A 100:13.

19a GE Konsèy (non).

20a GE Onèt, onètete.

b GE Konvwate.

21a GE Pwofanasyon.

b Egz. 3:6;

1 Ne. 19:10.

22a Egz. 13:18;

Jer. 2:5–7;

1 Ne. 5:15;

Alma 36:28.

GE Jewova.

b Jer. 30:10;

Ezek. 20:33–34;

D&A 38:33.

23a 3 Ne. 11:29–30.

GE Kontansyon.

b D&A 20:54.

GE Move pawòl.

24a GE Pawòl Sajès.

b D&A 108:7.

25a Sòm 37:21;

Mozya 4:28.

GE Dèt;

Onèt, onètete.

26a Lev. 6:4;

Det. 22:3.

27a GE Dilijans.

b GE Entandan,

entandans.

28a GE Chante.

b GE Priyè.

c 2 Kwo. 5:13;

D&A 59:15–16.

GE Rekonesan,

remèsiman.

29a 2 Sam. 22:7.

b GE Jwa.

31a D&A 101:4.

GE Advèsite.

b Wom. 8:18;

D&A 58:3–4.

GE Glwa.

c GE Chatye, chatiman.

32 Se pou moun ki iyoran gen “imilite epi pou l rele non Senyè Bondye li a, pou l kapab aprann ^blasajès, pou je l kapab louvri pou l wè, epi pou zòrèy li louvri pou l kapab tande;

33 Paske m voye “Lespri m nan mond lan pou klere moun ki gen imilite ak kè kontri, epi pou kondane ate yo.

34 Frè nou yo rejte nou ak temwayaj nou an, nasyon ki te pouse nou “mete deyò a menm;

35 Epi kounyeya jou kalamite yo a rive, jou tristès yo menm, tankou yon fi ki nan akouchman; epi tristès yo pral anpil si yo pa repanti rapid rapid, wi, trè rapid rapid.

36 Paske yo te touye pwofèt yo, ak moun m te voye kote yo a; epi yo koule san inosan, k ap kriye soti nan tè a kont yo.

37 Se poutèt sa, pa etone wè bagay sa yo, paske nou poko “pi; nou pako kapab sipòte laglwa m; men, n ap wè l si nou fidèl nan kenbe pawòl m ^bba nou yo, depi nan epòk Adan jouk nan Abraram, depi nan Abraram jouk nan Moyiz, depi nan Moyiz jouk nan Jezi ak

apot li yo, epi depi nan Jezi ak apot li yo jouk nan Joseph Smith, m aple pa mwayen ‘zanj mwen yo, sèvitè m k ap administrè a, epi pa vwa pa m ki soti nan syèl la, pou reyalize travay mwen;

38 Li te poze fondasyon sa a, epi l te fidèl; epi m pran l vin kote m.

39 Anpil moun te etone poutèt lanmò l; men, sete nesèsè pou l “sele ^btemwayaj li avèk ‘san l, pou l kapab onore epi pou mechan yo kondane.

40 Èske m pa delivre nou anba men “ènmi nou yo, senpleman paske m kite yon temwayaj pou non mwen?

41 Kounyeya, se poutèt sa, koute O, noumenm pèp “legliz mwen an; epi nou menm ansyen yo koute ansanm; nou resevwa ^bwayòm mwen an.

42 Fè dilijans nan respekte tout kòmandman m yo, pou jijman pa vini sou nou, epi pou lafwa nou pa fayi, epi pou ènmi nou yo pa triyonfe sou nou. Konsa, pa gen anyen plis pou kounyeya. Amèn epi Amèn.

SEKSYON 137

Yon vizyon Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa nan tanp Kirtland, Ohio, 21 Janvye 1836. Sete nan okazyon administrasyon òdonans nan preparasyon pou konsekstasyon tanp lan.

32a GE Sajès.
b GE Enb, imilite.

33a GE Sentespri.

34a GE Pèsekisyon,
pèsekite.

37a GE Pi, pite.
b Ela. 8:18.

c Apok. 14:6;
D&A 110:11–16;
128:19–21;
1—JS 1:30–47.

39a Mozya 17:20;
D&A 135:3.

b GE Temwayaj.

c GE Matirize, mati.

40a Egz. 23:22;

D&A 8:4; 105:15.

41a GE Legliz Jezikri.
b Dan. 7:27.

1-6, *Pwofèt la wè frè li a, Alvin nan wayòm selès la*; 7-9, *Revelasyon sou Doktrin sali pou mò yo*; 10, *Tout timoun sove nan wayòm selès la*.

“SYÈL yo te louvri sou tèt nou, epi m te wè wayòm ^bselès Bondye a, ak laglwa ki ladan l, m pa kapab di si nou te nan ^ckò fizik la oubyen si nou pa t ladan l.

2 M te wè bèl te enkonparab ^apòt kote eritye yo ki pou wayòm sa a pral antre a, ki te tan-kou ^bflanm dife k ap fè toubiyon;

3 Epi tou twòn ^aeklatan Bondye a, kote ^bPapa a ak ^cPitit Gason an te chita.

4 M te wè bèl lari wayòm sa a genyen, ki te gen aparans yon bagay ki pave avèk ^alò.

5 M te wè Papa ^aAdan ak ^bAbraram; ak ^cpapa m ak ^aman-man m; frè m nan, ^cAlvin, ki t ap dòmi depi lontan;

6 Epi m te etone pou m wè li te gen ^aeritaj nan wayòm sa a, paske li te kite lavi sa a anvan Senyè a te mete men l pou l rasanble Izrayèl yon ^bdezyèm fwa, epi li pa t ^cbatize pou padon peche.

7 Se konsa ^avwa Senyè a te vin jwenn mwen, li di: Tout moun ki mouri ^bsan konesans levan-jil sa a, ki t ap resevwa l si yo te gen pèmision pou yo rete, yo pral ^ceritye wayòm ^aselès Bondye a;

8 Epi tout moun ki mouri depi lè sa a san konesans li, ki ^t ap resevwa l avèk tout kè yo, pral eritye wayòm sa a;

9 Paske mwen menm Senyè a, m pral ^ajije tout moun dapre ^bzèv yo, dapre ^cdezi ki nan kè yo.

10 Epi tou m te wè tout timoun ki mouri anvan yo rive nan ^alaj rezon, yo ^bsove nan wayòm selès la.

SEKSYON 138

Yon vizyon Prezidan Joseph F. Smith te resevwa nan Salt Lake City,

<p>137 1a Tra. 7:55-56; 1 Ne. 1:8; Ela. 5:45-49; 1-JS 1:43. b GE Glwa selès. c 2 Kor. 12:2-4; 1 Ne. 11:1; Moyiz 1:11. 2a 2 Ne. 9:41; 31:17. b Egz. 24:17; Eza. 33:14-15; Ela. 5:23; D&A 130:7. 3a Eza. 6:1; Ezek. 1:26-28. b GE Bondye, Divinite— Bondye Papa a. c GE Bondye,</p>	<p>Divinite—Bondye, Pitit Gason an. 4a Apok. 21:21; D&A 110:2. 5a GE Adan. b D&A 132:29. GE Abraram. c D&A 124:19. GE Smith, Joseph, papa a. d GE Smith, Lucy Mack. e 1-JS 1:4. 6a GE Sali pou mò. b Eza. 11:11; 1 Ne. 22:10-12; Jakòb 6:2. GE Izrayèl— Rasanbleman Izrayèl la. c Jan 3:3-5; 2 Ne. 9:23;</p>	<p>Etè 4:18-19; D&A 76:50-52; 84:74. GE Batèm, batize. 7a Ela. 5:30. GE Revelasyon. b TJS 1 Pyè 4:6 (Apendis); 2 Ne. 9:25-26; Mozya 15:24. c D&A 76:50-70. d GE Glwa selès. 8a Alma 18:32; D&A 6:16. 9a Apok. 20:12-13. GE Jijman, Dènye a. b GE Zèv. c D&A 64:34. GE Kè. 10a GE Responsab, responsablite. b GE Sali—Sali timoun.</p>
---	--	---

Utah, 3 Oktòb 1918. Nan Ouvèti mesaj li a pandan 89èm Konferans Jeneral Semi Anyèl Legliz la, 4 Oktòb 1918, Prezidan Smith te deklare li te resewa plizyè komunikasyon divèn pandan mwa pase yo. Youn ladan yo konsènan vizit Sovè a te fè lespri mò yo pandan kò L te nan tonb la, Prezidan Smith te resewa l jou anvan an. Li te ekri imedyatman apre konferans lan te fini. Nan 31 Oktòb 1918, yo te soumèt li devan konseye yo ki nan Premye Prezidans lan, Konsèy Douz yo, ak Patriyach la, epi yo te aksepte l an jeneral.

1-10, Prezidan Joseph F. Smith medite sou ekriti Pyè yo ak vizit Senyè nou an nan mond dèzespri yo; 11-24, Prezidan Smith wè mò moun ki jis yo rasanble nan yon paradi ak Kris la pami yo; 25-37, Li wè kòman predikasyon levanjil la te òganize nan mond dèzespri yo; 38-52, Li wè Adan, Èv, ak anpil nan pwofèt sen yo nan mond dèzespri a ki te konsidere sitiya-syon lespri yo anvan rezirèksyon yo a kòm yon esklavaj; 53-60, Mò jis yo, jouk kounyeya, ap kontinye travay yo nan mond dèzespri a.

Jou twa Oktòb, nan ane mil nèsan disyuit la, m te chita nan chanm mwen ap "medite sou ekriti yo;

2 Epi m t ap reflechi sou gran "sakrifis ekspyatwa Pitit Gason Bondye a te fè pou ^bredanmsyon mond lan;

3 Ak gran "amou mèveye Papa a ak Pitit Gason an te montre nan vini ^bRedanmtè a nan mond lan;

4 Pou, lagras ak "ekspyasyon li a, epi nan ^bobeyisans prensip levanjil la, limanite kapab sove.

5 Pandan m te angaje konsa, panse m te vire sou ekriti apot pyè yo, pou sen nan epòk "primitif ki te rasanble toupatou nan ^bPon, Galasi, Kapadosi ak lòt pati an Azi, kote levanjil la te preche apre krisifikasyon Senyè a.

6 M te louvri Bib la epi m te li twazyèm ak katriyèm chapit ki nan premye epit Pyè a, epi pandan m t ap li, m te enpresyone anpil, plis pase sa te janm rive m anvan, avèk pasaj sa a yo;

7 "Paske Kris la te soufri yon fwa pou peche yo, limenm ki jis la pou moun ki pa jis yo, pou l kapab mennen nou bay Bondye, paske yo te touye l nan kò fizik la, men li te vivan nan Lespri a;

8 "Avèk lespri a tou li te preche lespri ki nan "prizon yo;

9 "Lespri sa yo ki te dezobeyisan kèk fwa, lè pasyans Bondye te pwolonje yon fwa nan epòk Noye a, pandan bato a t ap prepare, kote sèlman kèk moun, ki vle di yuit nanm te sove nan dlo a." (1 Pyè 3:18-20.)

10 "Se pou rezon sa a levanjil la

138 1a GE Medite.

2a Mat. 20:28.

GE Ekspyasyon, ekspye.

b GE Plan redanmsyon.

3a Jan 3:16.

GE Lanmou, renmen.

b GE Redanmtè.

4a AL 1:3.

b Mat. 7:21.

GE Obeyi, obeyisan, obeyisans.

5a svd ansyen sen yo.

b 1 Pyè 1:1.

8a Eza. 61:1;

Lik 4:18;

D&A 76:73-74; 88:99.

te preche devan moun mouri yo, pou yo kapab jije tankou moun ki gen kò fizik, epi pou yo viv tankou Bondye nan lespri a.” (1 Pyè 4:6.)

11 Pandan m t ap medite sou bagay sa yo ki te “ekri yo, ^bje konpreyansyon m te louvri, epi Lespri Senyè a te ‘repoze sou mwen, epi m wè pakèt ^dmò yo, ni piti yo ni gran yo.

12 Epi te gen yon kantite konpayi lespri moun ki “jis enkal-kilab, ki te ^bfidèl nan temwayaj Jezi pandan yo t ap viv nan mòtalite;

13 Epi ki te ofri “sakrifis nan resanblans gran sakrifis Pitit Gason Bondye a, epi ki te ^bsoufri tribilasyon nan non Redanmtè yo a.

14 Tout moun sa yo te kite vi mòtèl la, fèm nan “esperans yon ^brezirèksyon gloriye, pa ‘lagras Bondye ki se ^dPapa a, ak ‘Sèl Pitit Gason Literal li a, Jezi-kri.

15 M te wè yo ranpli avèk “lajwa ak kontantman, epi yo t ap rejwi ansanm, paske jou delivrans yo a t ap pwoche.

16 Yo te rasanble ap rete tann Pitit Gason Bondye a ki t ap vini

nan mond “dèzespri a, pou deklare redanmsyon yo anba ^bkòd lanmò.

17 Pousyè kò yo ki t ap dòmi an ta pral “restore nan fòm pafè li, ^bzo pou zo, jwenti pou jwenti ak chè ki sou yo a, ‘lespri ak kò a ki pral reyini pou yo pa janm divize ankò, pou yo kapab resewva yon ^dlajwa toutantye.

18 Pandan gran miltitid sa a t ap rete tann epi yo t ap pale, yo t ap rejwi nan lè delivrans yo a anba chenn lanmò, Pitit Gason Bondye a te parèt, li te “deklare libète pou prizonye ki te fidèl yo;

19 Epi se la li te “preche yo ^blevanvil etènèl la, doktrin rezirèksyon an ak redanmsyon limanite anba ‘chit Adan an, epi anba peche endividyèl sou kondisyon ^drepantans.

20 Men, li pa t ale kote “mechan yo, epi pami ate yo ak moun ki pa repanti yo, ki te ^bdenigre tèt yo nan kò fizik la, vwa li pa t leve;

21 Ni tou rebèl yo ki te rejte temwayaj ak avètisman ansyen pwofèt yo pa t wè prezans li, ni tou yo pa t gade figi l.

22 Kote moun sa yo te ye a,

11a GE Ekriti yo—
Valè ekriti yo.
b Efe. 1:18;
D&A 76:10, 12, 19.
c Eza. 11:2.
d GE Lespri.
12a D&A 76:69-70.
b D&A 6:13; 51:19;
76:51-53.
13a GE Sakrifis.
b Mat. 5:10-12.
14a Etè 12:4;
Mowo. 7:3, 40-44.
GE Esperans.
b GE Rezirèksyon.

c GE Gras.
d GE Bondye,
Divinite—
Bondye Papa a.
e GE Sèl pitit
literal.
15a Eza. 51:11;
Alma 40:12.
16a Lik 23:43;
Alma 40:11-12.
GE Paradi.
b Mòm. 9:13.
17a 2 Ne. 9:10-13.
b Ezek. 37:1-14.
c D&A 93:33-34.

d GE Jwa.
18a Eza. 61:1.
GE Sali pou mò.
19a D&A 76:72-74.
b GE Levanjil.
c GE Chit Adan
ak Èv.
d GE Repantans,
repanti.
20a Alma 40:13-14.
GE Lanfè;
Mechan,
mechanste.
b 1 Ne. 10:21.

“tenèb te reye, men, kote moun ki jis yo te gen ^blapè;

23 Epi sen yo te rejwi nan “redanmsyon yo a, yo te pliye ^bjenou yo epi yo te rekonèt Pitit Gason Bondye a kòm redanmtè yo ak liberatè yo anba lanmò ak ^cchenn lanfè.

24 Aparans yo te briye, epi ^alimyè ki te soti nan prezans Senyè a te repoze sou yo, epi yo te ^bchante chan pou non sen li a.

25 M te etone, paske m te konprann Sovè a te pase anviwon twazan nan ministè a pami Juif yo, ak moun ki fè pati nan kay Izrayèl yo, li t ap fè efò pou ansenye yo levanjil etènèl la epi pou l rele yo nan repantans;

26 Epi malgre travay pisan li yo, ak mirak yo, ak pwoklamasyon verite a avèk gwo ^apouvwa epi avèk otorite, te gen sèlman kèk moun ki te koute vwa l, epi ki te rejwi nan prezans li, epi ki te resevwa sali nan men l.

27 Men, ministè li pami moun ki te mouri yo te limite, akoz ti tan ^abrèf ki te pase ant krisifikasyon ak rezirèksyon li a;

28 Epi m te poze tèt mwen kesyon sou pawòl Pyè yo—kote l te di konsa Pitit Gason Bondye a te preche lespri ki te nan prizon yo ki te dezobeyisan, lè

pasyans Bondye te pwolonje pandan epòk Noye a—epi kòman sa te posib pou l preche lespri yo, epi pou akonpli devwa ki nesèsè pami yo nan yon ti tan si kout.

29 Epi pandan m t ap poze tèt mwen kesyon, je m te louvri, epi konpreyansyon m te ^achanje, epi m te wè Senyè a pa t ale an pèsòn pami mechan yo ak dezobeyisan yo ki te rejte verite a, pou l preche yo;

30 Men gade, pami moun ki jis yo li te òganize fòs li epi l te chwazi mesaje, ki te abiye avèk ^apouvwa epi avèk otorite, epi l te otorize yo pou y ale epi pou yo pote limyè levanjil la pou moun ki te nan ^btenèb yo, menm pou ^ctout lespri lèzòm; epi se konsa levanjil le te preche devan mò yo.

31 Epi mesaje ki te chwazi yo t ale deklare jou ^alagras Senyè a, epi yo te pwoklame ^blibète pou prizonye ki te mare yo, sa vle di tout moun ki te vle repanti nan peche yo pou yo resevwa levanjil la.

32 Se konsa levanjil la te preche devan moun ki te ^amouri nan peche yo, san ^bkonesans verite a, oubyen nan transgresyon, ki te rejte pwofèt yo.

33 Yo te ansenye moun sa yo ^alafwa nan Bondye, repantans

22a GE Tenèb, espiritiyèl.

b GE Lapè.

23a GE Plan redanmsyon.

b Wom. 14:11;
Mozya 27:31.

c 2 Ne. 1:13;
Alma 12:11.

24a Sòm 104:1–2;
Eza. 60:19;

Apok. 22:5;

I—JS 1:17.

GE Limyè, limyè Kris.

b GE Chante.

26a 1 Ne. 11:28.

27a Mak 8:31.

29a D&A 76:12.

30a Lik 24:49.

b GE Tenèb, espiritiyèl.

c D&A 1:2.

31a Eza. 61:2;

Lik 4:17–19.

b GE Libète.

32a Jan 8:21–24.

b D&A 128:5.

GE Konesans.

33a AL 1:4.

GE Lafwa.

pou peche, batèm ^bpa pwokirasyon pou ‘padon peche yo, ^ddon Sentespri a anba enpozisyon men,

34 Ak tout lòt prensip levanjil la ki te nesèsè pou yo konnen pou yo kapab kalifye tèt yo pou yo kapab ^ajije tankou moun ki gen kò fizik epi pou viv tankou Bondye nan lespri a.

35 Epi se konsa nouvèl la te gaye pami mò yo, ni piti yo ni gran yo, enjis yo ak sa ki fidèl yo tou, pou fè konnen redanmsyon te vin reyalize pa mwayen ^asakrifis Pitit Gason Bondye a sou ^bkwa a.

36 Konsa, nouvèl la te pibliye pou fè konnen, Redanmtè nou an te pase tan l pandan sejour li nan mond dèzespri a ap enstwi epi ap prepare lespri fidèl ^apwofèt li yo ki te temwaye konsènan li nan kò fizik la;

37 Pou yo kapab pote mesaj redanmsyon an bay tout mò yo, mò li pa t kapab vizite pèsònèlman yo, poutèt ^arebelyon ak transgresyon yo, pou yo kapab tandè pawòl li yo pa mwayen ministè sèvitè li yo.

38 Pami gran toupuisan ki te rasanble nan pakèt asanble

moun jis sa yo, te gen Papa ^aAdan, Nonm ansyen tan an ki se papa tout moun,

39 Ak Manman gloriye nou an, ^eÈv, avèk anpil nan pitit fi fidèl li yo ki te viv nan tout epòk yo epi ki te adore vrè Bondye vivan an.

40 ^aAbèl, premye moun ki te mouri ^bmatirize a te la tou, ak frè li a, ^cSèt, youn nan toupisan yo, ki te nan ^dimaj egzat papa li, Adan.

41 ^aNoye, ki te bay avètisman pou delij la; ^bSèm, gran ‘gran prèt; ^aAbraram, papa lafwa a; ^eIzarak, ^fJakòb, ak ^gMoyiz, gwo nèg ki te bay Izrayèl lalwa a;

42 Epi ^aEzayi ki te deklare pwofesi pou fè konnen Redanmtè a te resevwa onksyon pou soude kè brize yo, pou pwoklame libète pou ^bkaptif yo, epi pou louvri ^cprizon pou moun ki te mare yo, te la tou.

43 An plis, ^aEzekyèl, Bondye te montre gwo vale plen zo ^bsèk yo nan vizyon an, ki te gen pou yo abiye avèk chè yo, epi ki te gen pou leve ankò nan ^crezirèksyon mò yo, kòm nanm vivan yo;

44 ^aDanyèl ki te wè epi ki te

33^b GE Batèm, batize—
Batèm pou mò yo;
Òdonans yo—
Òdonans pa
pwokirasyon.
c GE Remisyon
peche yo.
d GE Don Sentespri.
34^a GE Jijman, Dènye a.
35^a Alma 34:9-16.
GE Ekspyasyon,
ekspye;
Sakrifis.
b GE Krisifiksyon;
Kwa.

36^a D&A 138:57.
37^a D&A 138:20.
GE Rebelyon.
38^a GE Adan.
39^a Moyiz 4:26.
GE Èv.
40^a GE Abèl.
b GE Matirize, mati.
c GE Sèt.
d Jen. 5:3;
Moyiz 6:10.
41^a GE Noye, patriyach
biblik.
b GE Sèm.
c GE Gran prèt.

d Jen. 17:1-8.
GE Abraram.
e Jen. 21:1-5.
GE Izarak.
f Jen. 35:9-15.
GE Jakòb, pitit
gason Izarak.
g GE Moyiz.
42^a GE Ezayi.
b Eza. 61:1-2.
c GE Lanfè.
43^a GE Ezekyèl.
b Ezek. 37:1-14.
c GE Rezirèksyon.
44^a GE Danyèl.

predi etablisman ^bwayòm Bondye a nan dènne jou yo, wayòm ki te gen pou l pa janm detwi ankò a ni tou Bondye pa t ap janm bay lòt moun nan;

45 ^aElyas ki te avèk Moyiz sou mòn ^btransfigirasyon an;

46 Ak ^aMalachi, pwofèt ki te temwaye aparisyon ^bEli a—Eli sa Mowoni te pale Pwofèt Joseph Smith la, ki te deklare li gen pou vini anvan kòmansman gran ^cjou terib Senyè a—te la tou.

47 Pwofèt Eli te gen pou l plante nan ^akè pitit yo, pwomès ki te fèt pou zansèt yo,

48 Li t ap pale konsènan gwo ^atravay yo ki te gen pou fèt nan ^btanp Senyè a nan ^cdispansasyon toutantye tout tan yo, pou redanmsyon mò yo, ak ^dsele pitit yo avèk paran yo, pou tout tè a pa frape anba malediksyon epi pou l pa detwi nèl l ap vini.

49 Tout moun sa yo ak anpil lòt, menm ^apwofèt ki te rete pami Nefit yo epi ki te temwanye konsènan vini Pitit Gason Bondye a, te melanje avèk pakèt asanble a epi yo t ap rete tann delivrans,

50 Paske mò yo te konsidere

gran ^aespas tan lespri yo te rete san kò a kòm yon ^besklavaj.

51 Se moun sa yo Senyè a te ansenye, epi l te ba yo ^apouvwa pou yo leve, apre rezirèksyon li pami mò yo, pou yo antre nan wayòm Papa li a, nan kote sa a, pou kouwone yo avèk ^bimòtalite epi avèk ^clavi etènèl,

52 Epi pou yo kontinye travay yo depi lè sa a, jan Senyè a te pwomèt la, epi pou yo patisipe nan tout ^abenediksyon ki te rezève pou moun ki renmen l yo.

53 Pwofèt Joseph Smith, ak papa m, Hyrum Smith, Brigham Young, John Taylor, Wilford Woodruff, ak lòt lespri espesyal ki te ^arezève pou vini nan tout tan yo, pou fè pati nan poze ^bfondasyon gwo travay dènne jou sa a,

54 Ansanm avèk konstrikasyon tanp yo ak akonplisman òdonans nan tanp yo, pou redanmsyon ^amò yo, te nan mond dèzespri a tou.

55 M te remake tou, yo te pami gwo mesye ^anòb ki te ^bchwazi depi nan kòmansman yo, pou vin tounen dirijan nan Legliz Bondye a.

56 Menm anvan yo te fèt, ansanm avèk anpil lòt, yo te rese-

44b Dan. 2:44–45.

GE Wayòm Bondye oubyen wayòm syèl la.

45a GE Elyas.

b GE Transfigirasyon.

46a Mal. 4:5–6;

I—JS 1:36–39.

GE Malachi.

b D&A 110:13–15.

GE Eli (Pwofèt Ansyen Testaman an).

c GE Dezyèm

Vini Jezikri.

47a D&A 128:17.

48a GE Sali pou mò.

b GE Tanp, kay Senyè a.

c GE Dispansasyon.

d GE Fanmi—Fanmi

etènèl;

Sele, sèlman.

49a Ela. 8:19–22.

50a GE Lespri.

b D&A 45:17.

51a 1 Kor. 6:14;

Alma 40:19–21.

b GE Imòtalite, imòtèl.

c D&A 29:43.

GE Lavi etènèl.

52a Eza. 64:4;

1 Kor. 2:9;

D&A 14:7.

53a GE Preòdinasyon.

b D&A 64:33.

54a GE Òdonans yo—

Òdonans pa

pwokirasyon.

55a Abr. 3:22–24.

b GE Preòdinasyon.

vwa premye leson yo nan mond kote lespri yo te ye a, epi yo te "pare pou yo leve nan ^btan ki apwopriye pou Senyè a, pou yo travay nan "jaden li a pou sali nanm lèzòm.

57 M te wè "ansyen yo ki fidèl nan dispansasyon sa a, lè yo te kite vi mòtèl la, yo te kontinye travay yo nan preche levanjil repantans ak redanmsyon an, pa mwayen sakrifis Sèl Pitit Gason Literal Bondye a, pami moun ki nan ^btenèb ak anba esklavaj peche yo, nan gran mond dèzespri mò yo.

58 Mò ki repanti yo pral "rachte pa obeyisans ^bòdonans ki nan kay Bondye a.

59 Epi apre yo fin peye chatiman pou transgresyon yo, epi yo "lave pwòp, yo pral resevwa rekonpans yo dapre ^bzèv yo, paske yo se eritye sali a.

60 Se konsa Bondye te revele m redanmsyon mò yo, epi m rann temwayaj, epi m konnen temwayaj sa a se "verite, pa mwayen Benediksyon Senyè a ak Sovè nou an, Jezikri, se konsa sa ye. Amèn.

56a Jòb 38:4-7;
Alma 13:3-7.
b Tra. 17:24-27.
c Jakòb 6:2-3.
GE Jaden Senyè a.

57a GE Ansyen, Èldè.
b GE Lanfè.
58a GE Redanmtè,
restablisman,
redanmsyon.

b GE Odonans yo.
59a Alma 5:17-22.
GE Padon.
b GE Zèv.
60a GE Verite.

DEKLARASYON OFISYÈL 1

Bib la ak Liv Mòmmon an anseye ke monogami se prensip Bondye tabli pou maryaj sof si Li deklare otremman (gade 2 Samyèl 12:7-8 ak Jakòb 2:27, 30). Apre yon revelasyon Joseph Smith te resevwa, li te aplike pratik maryaj pliral la nan pami manm Legliz yo nan kòmmanman ane 1840 yo (gade seksyon 132). Soti nan ane 1860 yo rive nan ane 1880 yo, gouvènman Etazini an te pase lwa pou te fè pratik relijye sa a ilegal. Lakou Siprèm Etazini an te finalman soutni lwa sa yo. Apre l te fin resevwa revelasyon an, Prezidan Wilford Woodruff te pibliye Deklarasyon sa a, ke Legliz la te aksepte kòm yon bagay ofisyèl e obligatwa nan 6 Oktòb 1890. Sa te mete fen nan pratik maryaj pliral la nan Legliz la.

Pou moun sa konsènen:

Nouvèl te ekspedye soti nan laprès Salt Lake City, nan objektif politik, ki te pibliye tout kote, pou deklare, Komisyon Utah a, nan dènye rapò yo te voye bay sekretè d Eta enteryè a, yo te di maryaj pliral toujou selebre epi te gen karant oubyen plis maryaj konsa ki te fèt nan Utah depi mwa Jen pase oubyen pandan ane pase a, epi nan

diskou piblik, dirijan Legliz yo te anseye, ankouraje epi yo te menm pouse moun pou kontinye pratik poligami an—

Se poutèt sa, kòm Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, m deklare, nan fason ki pi solanèl la, akizasyon sa a fo. Nou p ap anseye poligami oubyen maryaj pliral, ni pèmèt pèsonn kontrakte pratik sa a, epi m nye pawòl ki di te gen karant oubyen nenpòt lòt kantite maryaj pliral pandan peryòd sa a ki te selebre nan Tanp nou yo oubyen nan nenpòt lòt kote nan teritwa a.

Te gen yon ka ki te rapòte, nan ka sa a, yo te fè konnen maryaj la te selebre nan Kay Dotasyon an, nan Salt Lake City, nan Prentan 1889 la, men, m pa t janm kapab aprann kiyès ki te selebre seremoni an; kèlkeswa sa ki te pase sou sijè a, sa te fèt san m pa t konnen. Kòm konsekans pou akizasyon sa a, m te bay enstriksyon pou yo demoli Kay Dotasyon an san delè.

Depi Kongrè a te vote lalwa pou entèdi maryaj pliral, lalwa tribinal lajistis te deklare konstitisyonèl, m deklare entansyon m pou m soumèt mwen anba lalwa sa yo, epi pou m itilize enfliyans mwen sou manm yo ki nan Legliz la m ap prezide yo, pou m fè yo fè menm jan an.

Pa gen anyen nan ansèyman m bay Legliz la oubyen nan ansèyman asosye m yo, pandan epòk ki presize a, ki kapab konsidere kòm ankourajman pou maryaj pliral epi lè nenpòt ansyen ki nan Legliz la itilize langaj ki bay enpresyon li mansyone ansèyman konsa, li korije imedyatman. Epi kounyeya, m deklare an piblik, konsèy m bay Sen Dènye Jou yo, se pou yo evite selebre nenpòt maryaj lalwa peyi a defann.

WILFORD WOODRUFF

Prezidan Legliz Jezikri pou
Sen Dènye Jou yo.

Prezidan Lorenzo Snow te di bagay sa a:

“M konsidere, paske m rekonèt Wilford Woodruff kòm Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, epi kòm sèl moun sou tè a pou kounyeya ki gen kle òdonans pou sele moun ansanm, nou konsidere l totalman otorize akoz pozisyon l, pou l fè deklarasyon yo te li nan asanble nou an, ki date 24 Septanm 1890 la, epi kòm Legliz la te rassemble nan Konferans Jeneral, nou aksepte deklarasyon li a konsènan maryaj pliral kòm otorize epi final.”

Salt Lake City, Utah, 6 Oktòb 1890.

PATI KI SOTI NAN TWA DISKOU PREZIDAN
WILFORD WOODRUFF TE FÈ KONSÈNAN
DEKLARASYON OFISYÈL LA

Senyè a p ap janm pèmèt mwen oubyen nenpòt lòt moun ki Prezidan Legliz sa a egare nou. Se pa plan an sa. Sa pa nan panse Bondye. Si m ta eseye fè sa, Senyè a t ap wete m nan plas mwen an, epi se konsa l ap fè nenpòt lòt moun ki eseye egare pitit lèzòm yo nan revelasyon Legliz la epi nan devwa yo. (Swasanteyinyèm Konferans Jeneral Legliz la, Lendi 6 Oktòb 1890, Salt Lake City, Utah. Rapòte nan *Dese- ret Evening News*, 11 Oktòb 1890, p. 2.)

Pa gen diferans sou kiyès ki vivan oubyen ki mouri, oubyen kiyès ki aple pou di-rije Legliz la, yo dwe dirije l avèk enspirasyon Bondye Toupisan an. Si yo pa kapab fè l nan fason sa a, yo pa kapab fè l ditou. . . .

M te gen kèk revelasyon dènyèm, kèk ki enpòtan anpil pou mwen, epi m pral di ou sa Senyè a te di m. Kite m mete panse ou sou sa deklarasyon ofisyèl la vle di. . . .

Senyè a te di m konsa pou m mande Sen Dènye Jou yo yon kesyon, epi li te di m konsa si yo vle koute sa m gen pou m di yo a, epi yo reponn kesyon m poze yo a, avèk Lespri epi avèk pouvwa Bondye, tout repons yo ap menm jan, epi yo tout ap kwè menm bagay sou sijè sa a.

Men kesyon an: Ki fason ki pi saj pou Sen Dènye Jou yo suiv—Kontinye eseye pratike maryaj pliral, avèk lalwa nasyon an kont sa ak opozisyon sis milyon moun, epi nan yon pri pou gouvènman an konfiske epi pou nou pèdi Tanp nou yo, pou yo sispann tout òdonans ki nan Tanp yo, pou ni vivan yo ak mò yo, epi anprizon- man Premye Prezidans la ak Douz Apot yo ak tèt fanmi yo ki nan Legliz la, ak konfiskasyon pwopriyete pèsonèl pèp la (pou yo tout ta sispann pratik la pou tèt pa yo); oubyen, obeyi ak soufri sa nou dwe nan obeyisans prensip sa a, pou nou sispann pratik la epi pou nou soumèt nou anba lalwa a, epi lè nou fè sa, pou Pwofèt yo, Apot yo, ak papa yo ki nan kay yo kapab viv, pou yo kapab enstwi pèp la pou akonpli devwa yo nan Legliz la, epi pou kite Tanp yo nan men Sen yo, pou yo kapab patisipe nan òdonans levanjil yo, Ni pou vivan yo ak mò yo?

Senyè a te montre m nan vizyon ak revelasyon egzakteman sa ki t ap pase si nou pa t sispann pratik sa a. Si nou pa t sispann li, nou pa t ap gen okenn rezon pou . . . okenn òm nan Tanp Logan nan; paske tout òdonans t ap sispann nan peyi Siyon an. Konfizyon t ap renye nan Izrayèl, epi anpil òm t ap vin tounen prizonye. Pwoblèm sa a t ap tonbe sou tout Legliz la, epi yo t ap oblije nou sispann pratik la. Kouneya kesyon an se si nou dwe sispann nan fason sa a, oubyen nan fason Senyè a te manifeste nou an, kite Pwofèt ak Apot nou yo, ak papa yo kòm dèzòm lib, ak Tanp yo nan men pèp la, pou mò yo kapab rachte. Pèp sa a te deja delivre yon gwo kantite ladan yo anba men prizon ki nan mond dèzespri a, epi èske travay la dwe kontinye oubyen sispann? Se kesyon sa m mete devan Sen Dènye Jou yo. Nou dwe jije pou tèt pa nou. M vle nou reponn kesyon an pou tèt pa nou. M p ap reponn li; men, m di nou, se egzakteman nan kondisyon sa a nou t ap ye, kòm yon pèp, si nou pa t fè chwa nou fè a.

. . . M te wè egzakteman sa ki t ap pase si nou pa t fè anyen. M te gen lespri sa a sou mwen lontan. Men, m vle di: M t ap kite tout Tanp yo soti nan men nou; m ta pral nan prizon pou tèt pa m, epi m t ap kite chak òm ale tou, si Bondye nan syèl la pa t kòmande m fè sa m te fè a; epi lè Senyè a te kòmande m fè sa te rive, sa te konplètman klè pou mwen. M t ale devan Senyè a, epi m te ekri sa Senyè a te di m ekri a. . . .

M mete sa devan nou pou nou kontanple epi pou nou konsidere. Senyè a ap travay avèk nou. (Cache Konferans Pye, Logan, Utah, Dimanch, 1 Novanm 1891. Rapòte nan *Deseret Weekly*, 14 Novanm 1891.)

M pral di ou ki sa m te wè ak kisa Pitit Gason Bondye a te akonpli nan bagay sa a. . . . Tout bagay sa yo ta pral pase, jan Bondye Toupisan an vivan an, si nou pa t resevwa deklarasyon ofisyèl la. Se poutèt sa, Pitit Gason Bondye a te santi l dispoze pou l fè prezante bagay sa a devan Legliz la ak devan mond lan pou objektif ki nan pwòp panse pa li. Senyè a te dekrete tablisman Siyon. Li te dekrete finisman tanp sa a. Li te dekrete pou sali vivan yo ak mò yo fèt nan vale mòn sa yo. Epi Bondye Toupisan an te dekrete pou Dyab la pa deranje l. Si ou kapab konprann sa, se kle a sa. (Nan yon diskou nan sizyèm sesyon konsekrasyon Tanp Salt Lake la, an Avril 1893. Dokiman daktilografye Sèvis konsekrasyon, Achiv, Depatman Istorik Legliz la, Salt Lake City, Utah.)

DEKLARASYON OFISYÈL 2

Liv Mòmmon an anseye ke “tout moun se menm pou Bondye,” enkli “nwa ak blan, esklav ak lib, gason ak fi” (2 Nefi 26:33). Atravè istwa Legliz la, moun tout ras ak tout kilti nan anpil peyi te batize epi yo te viv kòm manm fidèl Legliz la. Pandan epòk Joseph Smith la, gen kèk manm gason nwa nan Legliz la ki te òdone nan prèttriz la. Nan kòmansman istwa legliz la, dirijan legliz yo te sispann bay gason nwa ki te desandan Afriken yo prèttriz la. Rejis yo nan Legliz la pa bay okenn eksplikasyon klè sou orijin pratik sa a. Dirijan Legliz yo te kwè ke yo te bezwen yon revelasyon nan men Bondye pou sispann pratik sa a epi yo te chèche direksyon Li nan lapriyè. Spencer W. Kimball, Prezidan Legliz la, te resevwa revelasyon an epi lèt dirijan Legliz yo te resevwa konfimasyon sou li nan Tanp Salt Lake la jou 1 Jen 1978 la. Revelasyon an te anile tout entèdiksyon konsènan ras yo te aplike nan prèttriz la anvan.

Pou moun sa konsène:

Nan 30 Septanm 1978, nan 148èm Konferans Semi Anyèl Legliz Jezikri pou Sen Dènve Jou yo, Prezidan N. Eldon Tanner, Premye Konseye nan Premye Prezidans Legliz la te prezante bagay sa a:

Nan kòmansman Mwa Jen ane sa a, Premye Prezidans la te anonse Prezidan Spencer W. Kimball te resevwa yon revelasyon ki lonje prèttriz la ak benediksyon tanp yo bay tout gason ki diy nan Legliz la. Prezidan Kimball te mande pou m avize konferans la, apre l te fin resevwa revelasyon an, ki te vin jwenn li apre anpil meditasyon ak priyè nan sal sakre yo ki nan Tanp sen an, li te prezante l devan konseye l yo, ki te aksepte l epi apwouve l. Li te prezante

devan Kowòm Douz Apot yo, ki te apwouve l jeneralman, epi konsa li te prezante devan lòt Otorite Jeneral yo, ki te apwouve l jeneralman tou.

Prezidan Kimball te mande pou m li lèt sa a kounyeya:

8 Jen 1978

Pou tout ofisyè prèttriz jeneral ak lokal nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo nan mond lan:

Frè m yo:

Pandan nou temwen developman travay Senyè a sou tè a, nou rekonesan poutèt moun ki nan anpil nasyon yo aksepte mesaj levanjil retabli a, epi yo vin manm legliz la an gran kantite. Bagay sa a te enspire nou avèk yon volonte pou nou lonje tout privilèj ak benediksyon levanjil la kapab pote bay chak gason diy ki manm Legliz la.

Paske nou te konnen pwomès pwofèt ak prezidan Legliz yo ki vini anvan nou yo te fè, ki te di konsa, yon lè, nan plan etènèl Bondye, tout frè nou yo ki diy kapab resevwa prèttriz la, epi paske nou te temwen fidelite moun sa yo—nou te priye lontan epi avèk senserite an favè moun sa yo, frè fidèl nou yo, nou te pase anpil tan nan Chanmòt tanp la ap sipliye Senyè a pou direksyon diven.

Li te tande priyè nou yo, epi pa mwayen revelasyon, li te konfime pou fè konnen, jou li te pwomèt depi lontan pou chak òm fidèl ki se yon manm diy Legliz la resevwa prèttriz sen an, avèk pouvwa pou egzèse otorite diven ki ladan l nan, epi pou jwi avèk moun li renmen yo chak benediksyon ki koule soti ladan l, ansanm avèk benediksyon tanp yo. Daprè sa, tout gason diy ki manm Legliz la, yo kapab òdone l nan prèttriz la san konsiderasyon ras ak koulè. Dirijan prèttriz yo resevwa enstriksyon pou yo suiv direksyon pou entèvyouve kandida yo avèk swen pou òdinasyon oubyen nan prèttriz Aawon an oubyen Prèttriz Mèlkisedèk la pou konnen si yo kalifye pou yo diy.

Nou deklare avèk tèt nou klè, pou fè konnen, Senyè a fè konnen volonte l kounyeya pou benediksyon tout pitit li yo sou tè a ki vle koute vwa sèvitè l yo ki otorize, epi pou yo prepare tèt yo pou yo resevwa chak benediksyon levanjil la.

Sensèman zanmi ou,

SPENCER W. KIMBALL

N. ELDON TANNER

MARION G. ROMNEY

Premye Prezidans la

Kòm nou rekonèt Spencer W. Kimball kòm pwofèt, vwayan, ak revelatè, ak prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, nou pwopoze pou noumenm kòm yon asanble reprezantatif aksepte

revelasyon sa a kòm pawòl ak volonte Senyè a. Tout moun ki dakò leve men dwat ou pou ou montre sa. Nenpòt moun ki opoze, fè menm siy nan.

Vòt pou soutni mosyon sa a te inanim ak pozitif.

Salt Lake City, Utah, 30 Septanm 1978.

PÈL GRAN PRI A

YON SELEKSYON KI SOTI NAN REVELASYON,
TRADIKSYON, AK LITERATI
JOSEPH SMITH YO

PREMYE PWOFEÈT, VWAYAN, AK REVELATÈ POU
LEGLIZ JEZIKRI POU
SEN DÈNYE JOU YO

KONTNI

Entwodiksyon	v
Moyiz	1
Abraram	31
Faksimile 1	32
Faksimile 2	40
Faksimile 3	45
Matye—Joseph Smith	48
Istwa—Joseph Smith	52
Atik Lafwa	68

ENTWODIKSYON

Pèl Gran Pri a se yon seleksyon materyèl espesyal ki touche anpil aspè siyifikatif sou lafwa ak doktrin Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Se Pwofèt Joseph Smith ki te tradui epi pwodui dokiman sa yo epi pifò ladan yo te pibliye nan revyi Legliz yo nan epòk li a.

Premye koleksyon materyèl ki te pote tit Pèl Gran Pri a, se Èldè Franklin D. Richards ki te fè l an 1851, lè sa a li te yon manm nan Konsèy Douz yo, epi l te prezidan Misyon Angletè a. Objektif Pèl Gran Pri a se pou l te rann pi aksesib kèk atik enpòtan ki te sikile avèk limitasyon nan epòk Joseph Smith la. Pandan Legliz la t ap vin gen plis manm nan Ewòp ak nan Etazini, te gen yon nesosite pou rann bagay sa yo disponib. Yo te itilize Pèl Gran Pri a anpil epi pou-tèt sa, li te vin tounen yon liv kanonik pou Legliz la sou direksyon Premye Prezidans Legliz la ak konferans jeneral nan Salt Lake City, 10 Oktòb 1880.

Plizyè revizyon te fèt ladan l selon bezwen Legliz la. An 1878, yo te ajoute kèk pòsyon nan liv Moyiz la ki pa t nan premye edisyon an. An 1902, yo te vin elimine kèk pati nan Doktrin ak Alyans yo ki te sòti nan Pèl Gran Pri a pou evite repetisyon. Aranjman sou fòm chapit ak vèsè, avèk referans te fèt an 1902. Premye piblikasyon an te fèt an 1921, avèk paj ki separe an de, avèk endèks. Pa gen okenn lòt chanjman ki te fèt jouk Avril 1976, lè yo te ajoute de lòt revelasyon. An 1979, yo te wete de revelasyon sa yo nan Pèl Gran Pri a, epi yo te mete yo nan Doktrin ak Alyans yo, kote yo parèt kounyeya kòm seksyon 137 ak 138. Nan edisyon sa a, yo te fè kèk chanjman pou yo te ka mete liv la an konfòmite avèk dokiman ki te la anvan yo.

Men yon entwodiksyon brèf sou sa:

1. *Seleksyon ki soti nan Liv Moyiz la.* Yon ekstrè ki soti nan liv Jenèz la Joseph Smith te tradui nan Bib la, ki te kòmanse an Jen 1830.
2. *Liv Abraram nan.* Yon tradiksyon enspire ki soti nan ekri Abraram yo. Joseph Smith te kòmanse tradiksyon an an 1835 apre papiris Ejiptyen yo te tonbe nan men li. Tradiksyon an te pibliye pòsyon apre pòsyon nan *Times and Seasons*, ki te kòmanse 1e Mas 1842, nan Nauvoo, Illinois.
3. *Matye—Joseph Smith.* Yon ekstrè ki sòti nan temwayaj Matye nan tradiksyon Joseph te fè nan Bib la (gade nan Doktrin ak Alyans 45:60–61 pou rapò diven pou l te kòmanse tradiksyon Nouvo Testaman an).
4. *Istwa—Joseph Smith.* Pati ki soti nan temwayaj ofisyèl ak istwa

Joseph Smith, istwa li menm ak grefye l yo te prepare an 1838–1839, ki te pibliye pòsyon apre pòsyon nan *Times and Seasons* nan Nauvoo, Illinois, kòmanse 15 Mas 1842.

5. *Atik Lafwa Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo*. Yon deklarasyon Joseph Smith ki te pibliye nan *Times and Seasons*, 1e Mas 1842, ansanm avèk yon ti istwa kout Legliz la ki te popilè anpil sou non Lèt Wentworth la.

SELEKSYON KI SOTI NAN

LIV MOYIZ LA

*Yon ekstrè ki soti nan Bib la, menm jan yo te revele l ba
Pwofèt Joseph Smith, Jen 1830–Fevriye 1831.*

CHAPIT 1 (Jen 1830)

Bondye fè Moyiz wè l—Moyiz transfigire—Satan atake l—Moyiz te wè anpil mond ki abite—Pitit Gason an te kreye mond nou pa kapab konte—Travay Bondye ak laglwa li, se pou l reyalize imòtalite ak lavi etènèl lòm.

PAWÒL Bondye te ^apale ak ^bMoyiz pandan Moyiz te vin transpòte sou yon mòn ki wo anpil.

2 Epi l te ^awè Bondye ^bfasafas, epi l te pale avèk li, epi ^claglwa Bondye te sou Moyiz; se poutèt sa, Moyiz te kapab ^drete nan prezans li.

3 Epi Bondye te pale avèk Moyiz, li te di: Gade, m se Senyè Bondye ^aToupisan an, epi non mwen se ^bEnfini; paske m pa gen kòmansman jou oubyen finisman ane; èske sa se pa enfini?

4 Epi gade, ou se pitit gason m; se sa ki fè, ^agade, epi m ap montre ou travay ^bmen mwen; men, se pa tout, paske ^ctravay mwen pa gen ^dfinisman, ak ^epawòl mwen tou, paske yo pa janm sispann.

5 Se sa ki fè, pèsonn pa kapab wè tout travay mwen yo, eksepte si li wè tout laglwa mwen; epi pèsonn pa kapab wè tout laglwa mwen epi apre sa pou l rete nan kò fizik la sou tè a.

6 Epi m gen yon travay pou ou, Moyiz, pitit gason m nan; epi ou nan ^aresanblans ^bSèl Pitit Literal mwen an; epi Sèl Pitit Literal mwen an se epi li pral ^cSovè a, paske li plen ^dlagras ak ^everite; men, pa gen ^fokenn lòt Bondye apre mwen, epi tout bagay prezan pou mwen, paske m ^gkonnen yo tout.

7 Epi kounyeya, gade, m ap montre ou yon bagay, Moyiz,

1 *1a* Alma 12:30;
Moyiz 1:42.

b GE Moyiz.

2 *a* Egz. 3:6; 33:11;
TJS Egz. 33:20, 23
(Apendis);
Jan 1:18; 6:46;
Etè 3:6–16;
Moyiz 1:11.

b Nonb 12:6–8;

Det. 34:10; D&A 17:1.

c Det. 5:24;

Moyiz 1:13–14, 25.

GE Glwa.

d GE Transfigirasyon.

3 *a* Apok. 11:17; 19:6;

1 Ne. 1:14; D&A 121:4.

GE Bondye, Divinite.

b Eza. 63:16;

D&A 19:9–12;

Moyiz 7:35.

GE San finisman.

4 *a* Moyiz 7:4.

b Moyiz 7:32, 35–37.

c Sòm 40:5;

D&A 76:114.

d Sòm 111:7–8;

Moyiz 1:38.

e 2 Ne. 9:16;

D&A 1:37–39.

GE Pawòl Bondye.

6 *a* Jen. 1:26; Etè 3:14–15;

Moyiz 1:13–16.

b GE Sèl pitit literal.

c GE Sovè.

d Jan 1:14, 17;

Alma 13:9.

GE Gras.

e Moyiz 5:7.

f 1 Wa 8:60;

Eza. 45:5–18, 21–22.

g 1 Ne. 9:6; 2 Ne. 9:20;

Alma 18:32;

D&A 38:1–2.

GE Omnisyan.

pitit gason m nan, paske ou nan mond lan, epi kounyeya m ap montre ou li.

8 Epi, se te konsa, Moyiz te gade, epi l te wè “mond kote yo te kreye l la; epi Moyiz te ^bwè mond lan ak ekstremitè l, ak tout pitit lèzòm yo ki sou li, epi ki te kreye; epi poutèt bagay sa a, li te ^cetone epi l te kontan anpil.

9 Epi prezans Bondye te soti bò kote Moyiz, konsa laglwa li pa t sou Moyiz; epi Moyiz te rete pou kont li, epi kòm li te rete pou kont li, li te tonbe atè.

10 Epi se te konsa, yon espas plizyè èdtan te pase anvan Moyiz te rebran “fòs natirèl li kòm moun ankò; epi li te di tèt pa l konsa: kounyeya, poutèt rezon sa a, m konnen lòm pa ^banyen, yon bagay m pa t janm sipoze.

11 Men kounyeya, pwòp je pa m te wè “Bondye; pa je ^bnatirèl, men, je espiryèl mwen; paske je natirèl mwen pa ta kapab wè; paske m t ap ^cseche epi m t ap ^dmouri nan prezans li; men, laglwa l te sou mwen; epi m te wè ^efas li, paske m te vin ^ftransfigire devan l.

12 Epi se te konsa, lè Moyiz te fin di bagay sa yo, gade, “Satan te vin ^btante l, Satan te di konsa: Moyiz, pitit gason lòm nan, adore m.

13 Epi se te konsa, Moyiz te gade Satan epi Moyiz te di: Ki yès ou ye? Paske gade m se yon “pitit gason Bondye, nan resanblans Sèl Pitit Literal li a; epi kote laglwa w pou m adore w la?

14 Paske gade, m pa t kapab gade Bondye san laglwa li pa t sou mwen, epi m te vin ^atransfigire devan l, men, m kapab gade w nan lòm natirèl. Èske se pa sa vrèman?

15 Se pou non Bondye m nan beni, paske Lespri l pa t sòti nèt sou mwen, oubyen kote laglwa w, paske li fè nwa nan mwen? Epi m kapab fè diferans ant ou menm ak Bondye; Paske Bondye te di m: “Adore Bondye, paske se limenm sèlman ou dwe ^bsèvi.

16 Wete kò w, Satan; pa twonpe m; paske Bondye te di m: ou ^asanble Sèl Pitit Literal mwen an.

17 Epi tou li te ban m kòmandman lè l te rele m nan “kolòn dife a, li te di konsa: ^bPriye Bondye nan non Sèl Pitit Literal mwen an, epi adore m.

18 Epi ankò Moyiz te di: M p ap sispann rele Bondye, m gen lòt bagay pou m mande l: paske laglwa li te sou mwen, se poutèt sa m kapab fè diferans ant limenm avèk ou. Pati ale, Satan.

8a Moyiz 2:1.

b Moyiz 1:27.

c Sòm 8:3–4.

10a Dan. 10:8, 17;

1 Ne. 17:47;

Alma 27:17;

1—JS 1:20.

b Dan. 4:35;

Ela. 12:7.

11a GE Bondye, Divinite.

b D&A 67:10–13;

Moyiz 6:36.

c Egz. 19:21.

d Egz. 20:19.

e Jen. 32:30;

Moyiz 7:4.

f Mat. 17:1–8.

GE Transfigirasyon.

12a Moyiz 4:1–4.

GE Dyab.

b Moyiz 6:49.

GE Tantasyon, tante.

13a Sòm 82:6;

Ebre 12:9;

1 Jn. 3:2.

14a GE Transfigirasyon.

15a Mat. 4:10.

GE Adorasyon.

b 1 Sam. 7:3;

3 Ne. 13:24.

16a Moyiz 1:6.

17a Egz. 3:2.

b Moyiz 5:8.

19 Epi kounyeya, lè Moyiz te fin di pawòl sa yo, Satan te rele avèk yon vwa ki fò, epi l te frape tè a, li te kòmande, epi l te di: M se “Sèl Pitit Literal la, adore m.

20 Epi se te konsa, Moyiz te kòmanse gen anpil lakrent, epi pandan l te kòmanse gen lakrent, li te wè “fyèl lanfè, sepandan, paske l ^bte rele non Bondye, li te resevwa fòs, epi l te kòmande, li te di: Pati soti kote m, paske se sèlman Bondye sa a m ap adore, ki se Bondye laglwa a.

21 Epi kounyeya, “Satan te kòmanse tranble, epi tè a te souke; epi Moyiz te resevwa fòs, epi l te rele Bondye, li te di: nan non Sèl Pitit Literal la, pati, Satan.

22 Epi se te konsa, Satan te rele avèk yon vwa ki fò, li te kriye, li te rele, li te “manje dan l, epi l te pati, kite prezans Moyiz menm, epi Moyiz pa t wè l ankò.

23 Epi kounyeya, Moyiz te rann temwayaj konsènan bagay sa a; men, poutèt mechanste, yo pa t konn sa pami pitit lèzòm.

24 Epi se te konsa, lè Satan te fin pati sot nan prezans Moyiz, epi Moyiz te leve je l anlè nan syèl la, li te ranpli avèk “Sentepri a, ki rann temwayaj konsènan Papa a ak Pitit Gason an;

25 Epi paske l te rele non

Bondye, li te wè laglwa Bondye ankò, paske l te sou li; epi l te tandè yon vwa ki te di: Ou beni, Moyiz, paske mwen menm, Toupisan an, m chwazi ou, epi m pral fè ou pi fò pase anpil “dlo; paske yo pral obeyi ^bkòmandman ou kòm si ou se “Bondye.

26 Epi gade, m avèk ou menm jouk nan lavi a; paske ou pral “delivre pèp mwen anba ^besklavaj, “Izrayèl m te “chwazi a.

27 Epi se te konsa, pandan vwa a te toujou ap pale, Moyiz te voye je l epi l te “wè tè a, wi, li te wè l toutantye; epi pa t gen yon pati ladan l li pa t wè, li te disènen l avèk Lespri Bondye.

28 Epi li te wè abitan ki sou li yo, epi pa gen yon nanm li pa t wè; epi li te disènen yo avèk Lespri Bondye; epi kantite yo te gran, moun pa t menm ka konte yo, yo te tankou sab ki sou bò lanmè.

29 Epi l te wè anpil tè; chak tè yo te “rele tè, epi te gen abitan sou sifas yo.

30 Epi se te konsa, Moyiz te priye Bondye, li te di: Di mwen, m priye ou, poukisa bagay sa yo konsa, epi avèk kisa ou fè yo?

31 Epi gade, laglwa Senyè a te sou Moyiz, konsa Moyiz te kanpe nan prezans Bondye, epi Moyiz te pale avèk li “fasafas.

19a Mat. 24:4–5.

20a GE Lanfè.

b I—JS 1:15–16.

GE Priyè.

21a GE Dyab.

22a Mat. 13:41–42;

Mozya 16:1–3.

24a GE Sentepri.

25a Egz. 14:21–22.

b GE Pouvwa;

Prètriz.

c Egz. 4:16.

26a Egz. 3:7–12.

b 1 Ne. 17:23–25.

c 1 Wa 8:51–53.

GE Izrayèl.

d GE Chwazi (adjektif oubyen non).

27a D&A 88:47;

Moyiz 1:8.

GE Vizyon.

29a GE Tè.

31a Det. 5:4;

Moyiz 1:11.

Epi Senyè Bondye a te di Moyiz: M te fè bagay sa yo pou ^bobjektif pa m. Sa a se lasajès, epi l rete nan mwen.

32 Epi m te kreye yo pa pouvw a “pawòl mwen, ki se Sèl Pitit Gason Literal mwen an, ki plen ^blagras ak ^cverite.

33 Epi m te ^akreye pakèt ^bmond moun pa kapab konte; epi tou m te kreye yo pou objektif pa m; epi m te kreye yo pa lantremiz Pitit Gason an, ki se ^cSèl Pitit Literal mwen an.

34 Epi ^apremye moun pami lèzòm yo, m te rele l ^bAdan, ki vle di ^canpil.

35 Men, se sèlman istwa tè sa a ak abitan l yo m ap ba ou, paske gade, gen anpil mond ki deja pase pa pouvw a pawòl mwen. Epi gen anpil ki kanpe kounyeya, epi lòm pa kapab konte yo; men tout bagay konte pou mwen, paske yo pou mwen epi m ^akonnen yo.

36 Epi se te konsa, Moyiz te pale avèk Senyè a, li te di: Gen mizèrikòd pou sèvitè w la, O, Bondye, epi pale m konsènan tè sa a, ak abitan ki sou li yo, ak syèl yo, epi apre sa sèvitè w la ap satisfè.

37 Epi Senyè Bondye a te pale

avèk Moyiz, li te di l: ^aSyèl yo anpil, epi lòm pa kapab konte yo, men, yo konte pou mwen, paske yo pou mwen.

38 Epi lè yon tè pase, ak syèl ki pou li yo, se menm jan an yon lòt ap vini; epi pa gen ^afinisman nan travay mwen yo, ni nan pawòl mwen yo.

39 Paske gade, sa a se ^atravay mwen ak ^blaglwa mwen—pou m reyalize ^cimòtalite ak lavi ^detènèl lòm.

40 Epi kounyeya, Moyiz, pitit gason m nan, m ap pale avèk ou konsènan tè a kote ou kanpe a; epi ou dwe ^aekri bagay m pral pale yo.

41 Epi nan yon epòk lè pitit lèzòm yo pral pran pawòl mwen yo pou anyen, epi yo pral ^aretire anpil ladan yo nan liv ou pral ekri a, gade, m pral leve yon lòt moun ^btankou w; epi ^cyo pral vin retounen pami pitit lèzòm—pami tout sa ki kwè.

42 (Senyè a te ^apale Moyiz pawòl sa yo sou mòn nan, non mòn nan p ap revele pami pitit lèzòm. Epi kounyeya m pale ou bagay sa yo. Pa montre pèsonn moun yo, eksepte moun ki kwè. Se konsa sa ye. Amèn.)

31b Eza. 45:17–18;
2 Ne. 2:14–15.

32a Jan 1:1–4, 14;
Ebre 1:1–3;
Apok. 19:13;
Jakòb 4:9;
Moyiz 2:1, 5.
GE Jezikri.

b Sòm 19:1;
Moyiz 5:7–8.
GE Gras.

c GE Verite.

33a GE Kreyasyon, kreye.

b Sòm 8:3–4;

D&A 76:24;

Moyiz 7:29–30.

c Moyiz 1:6.

34a Moyiz 3:7.

b Abr. 1:3.

GE Adan.

c Moyiz 4:26; 6:9.

35a Moyiz 1:6; 7:36.

GE Omnisyan.

37a Abr. 4:1.

GE Syèl.

38a Moyiz 1:4.

39a Wom. 8:16–17;

2 Ne. 2:14–15.

GE Plan redanmsyon.

b GE Glwa.

c GE Imòtalite, imètèl.

d GE Lavi etènèl.

40a 2 Ne. 29:11–12.

41a 1 Ne. 13:23–32;

Moyiz 1:23.

b 2 Ne. 3:7–19.

c 1 Ne. 13:32, 39–40;

D&A 9:2.

42a Moyiz 1:1.

CHAPIT 2
(Jen-Oktòb 1830)

Bondye kreye syèl yo ak tè a—Tout kalite vi te kreye—Bondye fè lòm epi l ba li dominasyon sou tout lòt bagay.

EPI se te konsa, Senyè a te pale avèk Moyiz, li te di: Gade, m ba w ^arevelasyon ou konsènan ^bsyèl sa a ak ^ctè sa a; ekri pawòl m di yo. M se kòmansman ak lafen, ^dBondye Toupisan an; pa mwanyen ^eSèl Pitit Literal mwen an, m te ^fkreye bagay sa yo; wi, nan kòmansman m te kreye syèl la, ak tè a kote ou kanpe a.

2 Epi ^atè a te san fòm, epi l te vid; epi m te fè tenèb parèt byen fon ladan; epi Lespri m te mouvante sou fas dlo a; paske m se Bondye.

3 Epi mwen menm Bondye, m te di: Se pou gen ^alimyè; epi te gen limyè.

4 Epi mwen menm Bondye, m te wè limyè a; epi limyè sa a te ^abon. Epi mwen menm Bondye, m te separe limyè ak tenèb.

5 Epi mwen menm Bondye m te rele limyè a jounen; epi m te rele tenèb la nuit; epi m te fè sa pa pouvwa ^apawòl mwen, epi sa te fèt jan m te ^bpale; epi apre midi a ak maten an te premye ^cjou a.

6 Epi ankò, mwen menm Bondye, m te di: se pou gen yon

^aespas nan mitan dlo a, sa te fèt, jan m te pale a menm; epi m te di: se pou l separe dlo yo avèk dlo yo; epi sa te fèt;

7 Epi mwen menm Bondye, m te fè espas la an epi m te divize ^adlo yo, wi, gwo dlo yo ki anba espas la an avèk dlo yo ki te anlè espas la an. Epi sa te fèt jan m te pale a.

8 Epi mwen menm Bondye, m te rele espas la an ^aSyèl; epi apre midi a ak maten te dezyèm jou a.

9 Epi mwen menm Bondye, m te di: Se pou dlo yo ki anba syèl rasanble ansanm nan ^ayon sèl plas, epi sa te fèt; epi mwen menm Bondye, m te di: Se pou gen tè sèch; epi sa te fèt.

10 Epi mwen menm Bondye, m te rele tè sèch la ^atè; epi m te rele dlo ki te rasanble ansanm yo Lanmè; epi mwen menm Bondye, m te wè tout bagay m te fè yo te bon.

11 Epi mwen menm Bondye, m te di: Se pou tè a pouse ^azèb, plant yo fè semans, zabfwitye bay fwi, dapre kalite pa l, epi zabfwitye bay fwi ki gen grenn semans andedan l sou tè a, epi sa te fèt jan m te pale a.

12 Epi tè a te pouse zèb, chak plant te bay semans dapre espès pa l, epi zabfwitye te bay fwi ki gen grenn semans andedan l, dapre espès li; epi mwen menm

2 1a Moyiz 1:30, 36.

b GE Syèl.

c Moyiz 1:8.

d GE Bondye, Divinite—
Bondye Papa a.

e GE Sèl pitit literal.

f GE Kreyasyon, kreye.

2a Jen. 1:2;

Abr. 4:2.

3a D&A 88:6-13.

GE Limyè, limyè Kris.

4a Jen. 1:4;

Abr. 4:4.

5a Moyiz 1:32.

b 2 Kor. 4:6.

c Jen. 1:5.

6a Jen. 1:6-8.

7a Abr. 4:9-10.

8a GE Syèl.

9a Jen. 1:9;

Abr. 4:9.

10a GE Tè.

11a Jen. 1:11-12;

Abr. 4:11-12.

Bondye, m te wè tout bagay m te fè yo te bon;

13 Epi apre midi a ak maten an te twazyèm jou a.

14 Epi mwen menm Bondye, m te di: Se pou gen limyè nan espas syèl la, pou divize jounen an ak nuit la, epi yo dwe la kòm siy, epi pou sezon, epi pou ane;

15 Epi yo dwe la kòm limyè nan espas syèl la pou bay limyè sou tè a; epi sa te fèt.

16 Epi mwen menm Bondye, m te fè de gwo "limyè; pi gwo limyè a pou klere jounen an, epi pi piti a pou klere nuit la, epi pi gwo limyè a te solèy la, epi pi piti limyè a te lalin nan; epi zetwal yo te kreye tou menm daprè pawòl mwen.

17 Epi mwen menm Bondye, m te tabli yo nan espas syèl la pou yo bay tè a limyè,

18 Epi solèy la pou klere jounen an, ak lalin nan pou klere nuit la, epi pou divize limyè ak tenèb; epi mwen menm Bondye, m te wè tout bagay m te fè te bon;

19 Epi apre midi a ak maten an te katriyèm jou a.

20 Epi mwen menm Bondye, m te di: Se pou dlo yo ranpli an abondans avèk kreyati mouvan ki gen lavi yo, ak volay ki kapab vole anlè tè a nan espas tout lajè vas syèl la.

21 Epi mwen menm Bondye, m te kreye gwo "balèn, ak chak kreyati vivan k ap fè mouvman,

kreyati dlo yo te ranpli an abondans, daprè espès pa yo, ak chak volay ki gen zèl daprè espès pa li; epi mwen menm Bondye, m te wè tout bagay m te kreye te bon.

22 Epi mwen menm Bondye, m te beni yo, m te di: Se pou nou bay fwi, "miltipliye, epi ranpli dlo yo ki nan lanmè a; epi se pou volay yo miltipliye sou tè a;

23 Epi apre midi a ak maten an te senkyèm jou a.

24 Epi mwen menm Bondye, m te di: Se pou tè a ranpli avèk kreyati vivan daprè espès pa yo, bèt gadinaj, ak bèt ki ranpe yo, ak bèt ki sou tè a daprè espès pa yo, epi sa te fèt;

25 Epi mwen menm Bondye, m te fè bèt ki sou tè yo daprè espès pa yo, ak bèt gadinaj yo daprè espès pa yo, ak chak bèt ki ranpe yo sou tè a daprè espès pa yo; Epi mwen menm Bondye, m te wè tout bagay sa yo te bon.

26 Epi mwen menm Senyè Bondye a, m te di "Sèl Pitit Literal mwen an, ki te avèk mwen depi nan kòmansman an: An nou ^bfè lòm daprè 'imaj nou, daprè resanblans nou; epi sa te fèt. Epi mwen menm Bondye, m te di: Se pou yo gen ^ddominasyon sou pwason yo ki nan lanmè a, ak volay yo ki anlè a, ak sou bèt gadinaj yo, ak sou tout tè a, ak sou tout bèt ki ranpe yo sou tè a.

27 Epi mwen menm "Bondye, m te kreye lòm daprè pwòp imaj

16a Jen. 1:16.

21a Jen. 1:21;

Abr. 4:21.

22a Jen. 1:22–25;

Abr. 4:22–25.

26a GE Jezikri.

b GE Kreyasyon, kreye.

c Jen. 1:26–27;

Moyiz 6:8–10;

Abr. 4:26–27.

d Jen. 1:28;

Moyiz 5:1;

Abr. 4:28.

27a GE Bondye, Divinite.

pa mwen, m te kreye l daprè imaj Sèl Pitit Literal mwen an; m te kreye yo gason ak fi.

28 Epi mwen menm Bondye, m te beni yo, epi m te di yo: Se pou nou bay fwi, epi “miltipliye, epi ranpli tè a, epi soumèt li, epi domine sou pwason yo ki nan lanmè a, ak sou volay yo ki anlè a, ak sou tout bagay vivan k ap fè mouvman sou tè a.

29 Epi mwen menm Bondye, m te di lòm: Gade m ba ou chak plant ki pote semans, ki sou fas tè a, ak chak zabfwitye ki pral gen fwi pyebwa ki bay semans; pou ou sa pral sèvi kòm “manje.

30 Epi pou chak bèt ki sou tè a, ak chak volay ki anlè a, ak chak bèt ki ranpe yo sou tè a, chak sa m akòde lavi, pral gen plant pou yo manje; epi sa te fèt menm lè m t ap pale a.

31 Epi mwen menm Bondye, m te wè tout bagay m te fè, epi gade, tout bagay m te fè te “bon anpil; epi apre midi a ak maten an te ^bsizyèm jou a.

CHAPIT 3 (Jen–Oktòb 1830)

Bondye te kreye tout bagay espiritiyèlman anvan yo te sou tè a natirèlman—Li te kreye lòm, premye kò fizik sou tè a—Fi se yon konpay egal ego pou lòm.

KONSA, syèl la ak tè a te ^afini ak tout sa ki te ^bladan yo.

2 Epi nan setyèm jou a, mwen menm Bondye, m te fini travay mwen, ak tout bagay m te fè; epi m te ^arepoze nan ^bsetyèm jou a apre tout travay mwen, epi tout bagay m te fè yo te fini, epi mwen menm Bondye, m te wè yo te bon;

3 Epi mwen menm Bondye, m te ^abeni setyèm jou a, epi m te sanktifye l; paske nan jou sa a m te repoze anba ^btravay mwen menm Bondye m te kreye epi m te fè.

4 Epi kounyeya, gade, m di ou, sa yo se jenerasyon syèl la ak tè a, lè yo te kreye a, nan epòk mwen menm Senyè Bondye a, m te fè syèl la ak tè a,

5 Ak chak pyebwa ki nan jaden yo ^aanvan yo te sou tè a, ak chak plant ki nan jaden yo anvan yo te grandi. Paske mwen menm Senyè Bondye a, m te ^bkreye tout bagay m te pale yo, ^cespiritiyèlman, anvan yo te vin sou fas tè a natirèlman. Paske mwen menm Senyè Bondye a, m potko fè lapli tonbe sou fas tè a. Epi mwen menm Senyè Bondye a, m te ^dkreye tout pitit lèzòm yo; epi potko gen yon moun pou kiltive ^etè a; paske m te ^fkreye yo nan ^gsyèl la; epi potko gen

28a Moyiz 5:2.

29a Jen. 1:29–30;
Abr. 4:29–30.

31a Jen. 1:31;
D&A 59:16–20.

b Egz. 20:11;
Abr. 4:31.

3 1a GE Kreyasyon, kreye.
b Jen. 2:1;

Abr. 5:1.

2a Jen. 2:2–3;
Abr. 5:2–3.

GE Repo.
b GE Jou Saba.

3a Mozya 13:19.
b Egz. 31:14–15.

5a Jen. 2:4–5; Abr. 5:4–5.
b Moyiz 6:51.

c D&A 29:31–34;

Abr. 3:23;
GE Kreyasyon lespri.

d GE Lespri.

e Jen. 2:5.

f GE Lèzòm, lòm—Lòm,
yon pitit espiritiyèl

Papa Bondye.
g GE Syèl.

kò fizik sou tè a, ni nan dlo yo, ni anlè a;

6 Men, mwen menm Senyè Bondye a, m te pale, epi te gen yon ^abwouya ki te sòti sou tè a monte anlè, epi l te wouze tout fas tè a nèt.

7 Epi mwen menm Senyè Bondye a, m te fòme lòm avèk ^apousyè tè a, epi m te soufle souf lavi a andedan twou nen l; epi ^blòm te vin tounen yon ^cnanm vivan, ^apremye kò fizik ki te sou tè a, premye moun nan tou; sepandan, tout bagay te kreye deja; men, yo te kreye espiritiyèlman epi yo te fèt daprè pawòl mwen.

8 Epi mwen menm Senyè Bondye a, m te plante yon jaden nan kote lès ^aEdenn, epi se la m te mete moun m te fòme a.

9 Epi nan tè a, mwen menm Senyè Bondye a, m te fè grandi natirèlman chak pyebwa ki fè je lòm plèzi; epi lòm te kapab wè l. Epi l te vin tounen yon nanm vivan tou. Paske li te espiritiyèl nan epòk m te kreye l la; paske li rete nan anviwònman mwen menm Bondye, m te kreye l la, wi, menm tout bagay m te pare pou itilite lòm; epi lòm wè li te bon pou manje. Epi mwen menm Senyè Bondye a, m te plante ^apyebwa lavi a tou nan mitan jaden an, ak ^bpyebwa konesans byen ak mal la.

10 Epi mwen menm Senyè

Bondye a, m te fè yon rivyè sòti nan Edenn pou wouze jaden an; epi se la li te divize tounen kat ^abranch.

11 Epi mwen menm Senyè Bondye a, m te rele premye a Pichon, epi l te travèse tout tè Avila a, kote Senyè Bondye a te kreye anpil lò a;

12 Epi lò tè sa a te bon, epi te gen bdelyòm ak pyè kristal onyx.

13 Epi non dezyèm rivyè a se Giyon; se rivyè sa a ki travèse tout tè Etyopi a.

14 Epi non twazyèm rivyè a se te Idekèl; se rivyè ki ale nan diraksyon lès Asiri a. Epi katriyèm rivyè a se te Efrat.

15 Epi mwen menm Senyè Bondye a, m te pran lòm, epi m te mete l nan jaden Edenn nan, pou l anbeli l epi pou l pran swen l.

16 Epi mwen menm Senyè a, m te kòmande lòm, m te di: Ou kapab manje nan chak fwi ki nan jaden an avèk libète,

17 Men, ou pa dwe manje nan fwi konesans byen ak mal la sepandan, ou kapab ^achwazi pou tèt pa w, paske ou gen kapasite sa a; men, sonje m te defann sa, paske ^bjou ou manje ladan l w ap ^cmouri kanmèm.

18 Epi mwen menm Senyè Bondye a, m te di ^aSèl Pitit Literal mwen an, sa pa bon pou lòm ta pou kont li; se sa ki fè, m ap fè yon ^bkonpay pou li.

6a Jen. 2:6.

7a Jen. 2:7;
Moyiz 4:25; 6:59;
Abr. 5:7.

b GE Adan.

c GE Nanm.

d Moyiz 1:34.

8a GE Edenn.

9a GE Pyebwa lavi a.

b Jen. 2:9.

10a Jen. 2:10.

17a Moyiz 7:32.

GE Lib abit.

b Abr. 5:13.

c Jen. 2:17.

GE Lanmò, fizik;

Mòtalite, mòtèl.

18a GE Sèl pitit literal.

b Jen. 2:18;

Abr. 5:14.

19 Epi avèk tè a, mwen menm Senyè Bondye a, m te fòme chak bèt ki nan chan yo, ak chak volay ki anlè a; epi m te kòmande pou yo vin jwenn Adan, pou wè kòman li t ap rele yo; epi yo te nanm vivan tou; paske mwen menm Bondye, m te soufle souf lavi a andedan yo, epi m te kòmande pou nenpòt non Adan ta bay chak kreyati vivan, se t ap non yo.

20 Epi Adan te bay tout betay yo non, ak volay ki anlè yo, ak chak bèt ki nan chan yo; men, kanta pou Adan, pa t gen okenn konpay pou li.

21 Epi mwen menm Senyè Bondye a, m te lakòz yon gran somèy tonbe sou Adan; epi l te dòmi, m te pran youn nan kòt li yo epi m te refèmen kò li ankò;

22 Epi avèk kòt ki mwen menm, Senyè Bondye a, te pran nan lòm nan, m te fòme yon “fi, epi m te mennen l bay lòm.

23 Epi Adan te di: M konnen moun sa a se zo ki soti nan zo mwen, ak “chè ki soti nan chè mwen; M ap rele l Fi, paske li te sòti nan yon nonm.

24 Se poutèt sa, yon nonm dwe kite papa l ak manman l pou l “atache avèk madanm li; epi y ap vin tounen yon ^bsèl kò.

25 Epi yo tou lède te toutouni, mari a ak madanm nan, epi yo pa t wont.

CHAPIT 4 (Jen–Oktòb 1830)

Kòman Satan te vin tounen dyab la—Li tante Èv—Adan ak Èv tonbe, epi lanmò antre nan mond lan.

EPI mwen menm Senyè Bondye a, m te pale avèk Moyiz, m di: “Satan ke ou te kòmande nan non Sèl Pitit Literal mwen an, li se menm sa a ki te la depi nan ^bkòmansman an, epi l te vini devan m, epi l te di—Gade, men mwen, voye m, m vle tounen pitit gason ou lan, epi m ap rachte tout limanite, konsa pa menm yon sèl nanm p ap pèdi, epi asireman m ap ^cfè sa; se sa ki fè, ban m onè ou la.

2 Men, gade, “pitit gason byenneme m nan, ki te byenneme m nan epi ki te ^bchwazi depi nan kòmansman an, te di m konsa—“Papa, se pou ^dvolonte ou fèt, epi se pou ou ^elaglwa a pou tout tan gen tan.

3 Se sa ki fè, poutèt Satan ^arevòlte kont mwen, epi l chèche pou l detwi ^blib abit lòm, lib abit mwen menm Senyè Bondye a, m te bay lòm nan, epi poutèt Satan te vle pou m ba li pwòp pouvwa pa m nan; pa pouvwa Sèl Pitit Literal mwen an, m te fè ^cchase l;

4 Epi l te vin tounen Satan, wi, dyab la menm, papa tout ^a“manti yo, pou twonpe epi pou

22a GE Èv;
Fi, fi yo.

23a Jen. 2:23; Abr. 5:17.

24a Jen. 2:24;
D&A 42:22; 49:15–16;
Abr. 5:17–18.

b GE Maryaj, marye.

4 1a GE Dyab.

b D&A 29:36–37.

c Eza. 14:12–15.

2a GE Jezikri.

b Moyiz 7:39; Abr. 3:27.
GE Preòdinasyon.

c GE Bondye, Divinite—
Bondye Papa a.

d Lik 22:42.

e GE Glwa.

3a GE Konsèy nan syèl.

b GE Lib abit.

c D&A 76:25–27.

4a 2 Ne. 2:18;
D&A 10:25.

GE Manti;

Twonpe, twonpri.

vegle je lèzòm, epi pou mennen yo kaptif daprè volonte l, sa vle di tout moun ki pa koute vwa mwen.

5 Epi kounyeya, sèpan an te gen plis "riz pase nenpòt bèt nan jaden an, mwen menm Senyè Bondye a m te kreye.

6 Epi Satan te mete sa nan kè sèpan an, (paske l te rale anpil dèyè li,) epi l te chèche tou pou l twonpe "Èv, paske li pa t konnen panse Bondye, se sa ki fè li te chèche detwi mond lan.

7 Epi l te di fi a: Wi, èske Bondye pa t di—ou pa dwe manje nan fwi ki nan "jaden an? (Epi l te pale pa bouch sèpan an.)

8 Epi fi a te di sèpan an: Nou kapab manje nan fwi pyebwa ki nan jaden an;

9 Men, fwi pyebwa ou wè nan mitan jaden an, Bondye te di—nou pa dwe manje ladan l, nou pa dwe touche l tou, pou nou pa mouri.

10 Epi sèpan an di fi a: an verite ou p ap mouri;

11 Paske Bondye konnen jou ou manje ladan l, lè sa a "je w ap vin louvri, epi w ap vin tankou Bondye, paske w ap ^bkonnen byen ak mal.

12 Epi lè fi a te wè pyebwa a te bon pou manje, epi li te vin agreyab devan je l, epi se te yon fwi ki te "kapab fè l vin saj, li te pran nan fwi a, epi l te ^bmanje, epi tou li te bay mari l, ki te manje avèk li.

13 Epi je yo toulède te vin louvri, epi yo te konnen yo te "toutouni. Epi yo te koud fèy figye ansanm pou yo fè tabliye pou yo met sou yo.

14 Epi yo te tandè vwa Senyè Bondye a, pandan yo t ap "mache nan jaden an, pandan jounen an te fre; epi Adan ak Èv t al kache lwen prezans Senyè Bondye a nan mitan pyebwa ki te nan jaden an.

15 Epi mwen menm Senyè Bondye a, m te rele Adan, epi m te di l: ki kote w "prale?

16 Epi l te di: M te tandè vwa ou nan jaden an, epi m te pè, paske m te wè m toutouni, epi m te kache.

17 Epi mwen menm Senyè Bondye a, m te di Adan: Kiyès ki te di w ou toutouni? Èske w te manje nan pyebwa m te kòmande w pou ou pa manje a, e an verite si w te fè sa w t ap "mouri asireman?

18 Epi lòm nan te di: Fi ou te ban mwen epi ou te kòmande pou rete ansanm avèk mwen an te ban mwen nan fwi pyebwa a epi m te manje.

19 Epi mwen menm Senyè Bondye a, m te di fi a: Kisa w te fè konsa? Epi fi a te di: Sèpan an te "twonpe m, epi m te manje.

20 Epi Senyè Bondye a te di sèpan an: Poutèt ou te fè sa, w ap vin pi ^amodi pase tout betay, epi pase tout bèt ki nan jaden

5a Jen. 3:1;
Mozya 16:3;
Alma 12:4.
6a GE Èv.
7a GE Edenn.
11a Jen. 3:3-6;

Moyiz 5:10.
b Alma 12:31.
12a Jen. 3:6.
b GE Chit Adan
ak Èv.
13a Jen. 2:25.

14a Jen. 3:8.
15a Jen. 3:9.
17a Moyiz 3:17.
19a Jen. 3:13;
Mozya 16:3.
20a Jen. 3:13-15.

an; epi w ap rale sou vant ou, epi ou pral manje pousyè pou tout rèz vi w;

21 Epi m ap mete dezinyon ant ou menm avèk fi, ant desandan w ak desandan l; epi li pral pile tèt ou, epi ou pral mòde talon l.

22 Epi mwen menm Senyè Bondye a, m te di fi a: M pral miltipliye soufrans ou nan akouchman ou. Ou pral fè pitit nan “soufrans, epi w ap gen anv pou mari ou, epi l ap dirije ou.

23 Epi mwen menm Senyè Bondye a, m te di Adan: Poutèt ou te koute vwa madanm ou, epi ou te manje nan fwi pyebwa m te kòmande ou, lè m te di—ou pa dwe manje ladan l, tè a pral modi poutèt ou; ou pral manje sa ki soti nan tè a avèk soufrans pou tout lavi ou.

24 Li pral pwodui pikan ak zepin pou ou, epi ou pral manje zèb ki nan jaden an.

25 Se avèk “swè figi w ou pral manje pen, jistan ou retounen nan tè a—paske an verite—kòm w ap mouri se ladan l ou te soti: konsa ou se ^bpousyè, epi se nan pousyè a ou pral retounen.

26 Epi Adan te rele madanm li Èv, paske li se manman tout vivan; paske se konsa mwen menm Senyè Bondye a, m te rele

fi ki te premye nan pami tout lòt fi yo, ki “anpil.

27 Epi mwen menm Senyè Bondye a, m te fè rad avèk po bèt pou Adan ak Èv, epi m te “abiye yo.

28 Epi mwen menm Senyè Bondye a, m te di Sèl Pitit Literal mwen an: Gade, “lòm vin tounen tankou youn nan pami nou, ki vin ^bkonnen byen ak mal; epi kounyeya, pou l pa lonje men l ‘pran nan ^apyebwa lavi a tou, epi pou l pa manje l pou viv pou tout tan,

29 Se sa ki fè, Mwen menm Senyè Bondye a, m ap fè l soti nan Jaden “Edenn nan, pou l kilitive tè a kote l te soti a;

30 Paske, menm jan Mwen menm Senyè Bondye a, m vivan an, se konsa tou “pawòl mwen pa kapab vin san konsekans, paske jan yo soti nan bouch mwen an, yo dwe akonpli.

31 Konsa, m te chase lòm, epi m te plase “Cheriben nan kote lès Jaden Edenn nan, ak yon epe tou limen, ki vire nan tout direksyon pou pwoteje pyebwa lavi a.

32 (Epi men pawòl m te di Moyiz yo, epi yo se verite jan m vle a menm; epi m di w yo. Pa montre pèsonn moun yo, jistan m kòmande w, eksepte moun ki kwè yo. Amèn.)

22a Jen. 3:16.

25a Jen. 3:17–19.
GE Chit Adan
ak Èv.

b Jen. 2:7;
Moyiz 6:59;
Abr. 5:7.

26a Moyiz 1:34; 6:9.

27a GE Modesti.

28a Jen. 3:22.

GE Lèzòm,
lòm—Lòm, gen
potansyalite pou
vin tankou Papa
Bondye.

b GE Konesans.

c Alma 42:4–5.

d Jen. 2:9;

1 Ne. 11:25;

Moyiz 3:9.

GE Pyebwa lavi a.

29a GE Edenn.

30a 1 Wa 8:56;

D&A 1:38.

31a Alma 42:3.

GE Cheriben.

CHAPIT 5
(Jen-Oktòb 1830)

Adan ak Èv fè pitit—Adan ofri sakrifis epi l sèvi Bondye—Kayen ak Abèl fèt—Kayen revòlte, li renmen Satan plis pase Bondye, epi l vin tounen pèdisyon—Asasina ak mechanste gaye—Levanjil la preche depi nan kòmansman.

EPI se te konsa, apre mwen menm Senyè Bondye a, m te fin chase yo, Adan te kòmanse kiltive tè a, epi l te kòmanse gen "dominasyon sou tout bèt yo ki nan jaden an, epi pou l manje avèk swè fon l, jan Senyè a te kòmande l la. Epi Èv, madanm li te travay avèk li.

2 Epi Adan te dòmi ak madanm li, epi l te "fè pitit gason ak "pitit fi pou li, epi yo te kòmanse "miltipliye, epi ranpli tè a.

3 Epi depi lè sa a, pitit gason ak "pitit fi Adan yo te kòmanse divize tè yo de pa de nan peyi a, epi pou yo kiltive tè a, pou nourir twoupo yo, epi yo te fè pitit gason ak pitit fi.

4 Epi Adan ak Èv, madanm li te rele Senyè a, epi yo te tande vwa Senyè a sou chemen ki nan direksyon Jaden "Edenn nan, ki te pale avèk yo, epi yo pa t wè l;

paske yo te chase soti nan "prezans li.

5 Epi l te ba yo kòmandman, pou yo "adore Senyè Bondye yo a, epi pou yo ofri chak "premye bèt ki fèt nan twoupo yo, kòm yon ofrann pou Senyè a. Epi Adan te "obeyi kòmandman Senyè a.

6 Epi apre anpil jou, yon "zanj Senyè a te parèt devan Adan, li te di: Poukisa ou ofri Senyè a "sakrifis yo? Epi Adan te di l konsa: M pa konnen, eksepte Senyè a te kòmande m.

7 Epi apre sa, zanj la te pale, li di: Bagay sa a sanble tèt koupe ak yon "resanblans "sakrifis Sèl Pitit Literal Papa a, ki plen "lagras ak verite a.

8 Se sa ki fè, ou dwe fè, ou dwe fè tout sa w gen pou fè nan "non Pitit Gason an, epi w dwe "repanti epi w dwe "rele Bondye non Pitit Gason an tout tan.

9 Epi jou sa a, "Sentespri a te tonbe sou Adan, ki te rann temwayaj konsènan Papa a ak Pitit Gason an, ki te di: M se "Sèl Pitit Literal Papa a depi nan kòmansman, depi kounyeya e pou tout tan, menm jan ou "tonbe a, ou kapab "rachte, ak tout limanite, sa vle di tout moun ki vle.

5 1a Moyiz 2:26.
2a Jen. 5:4.
b D&A 138:39.
c Jen. 1:28;
Moyiz 2:28.
3a Moyiz 5:28.
4a GE Edenn.
b Alma 42:9.
5a GE Adorasyon.
b Egz. 13:12-13;
Nonb 18:17;
Mozya 2:3.
GE Premye ne,

premyene.
c GE Obeyi, obeyisan,
obeyisans.
6a GE Zanj yo.
b GE Sakrifis.
7a GE Jezikri—Tip
oubyen senbòl Kris.
b Alma 34:10-15.
GE San.
c Moyiz 1:6, 32.
GE Gras.
8a 2 Ne. 31:21.
b Moyiz 6:57.

GE Repantans, repanti.
c GE Priyè.
9a GE Sentespri.
b GE Jezikri;
Sèl pitit literal.
c GE Chit Adan ak Èv;
Lanmò espiritiyèl.
d Mozya 27:24-26;
D&A 93:38; AL 1:3.
GE Plan redanmsyon;
Redanmte,
restablisman,
redanmsyon.

10 Epi jou sa a, Adan te beni Bondye epi l te ^aranpli, epi l te kòmanse ^bpwofetize konsènan tout fanmi sou tè a, li te di konsa: Se pou non Bondye beni, paske poutèt transgresyon m nan, je m louvri, epi m ap gen ^clajwa nan lavi sa a, epi ankò nan ^dkò fizik la, m pral wè Bondye.

11 Epi ^aÈv, madanm li te tande tout bagay sa yo epi l te kontan, li te di: si se pa t transgresyon nou an, nou pa t ap janm gen ^bdesandan, epi nou pa t ap janm konnen byen ak mal, ak lajwa redanmsyon nou an, ak lavi etènèl Bondye bay tout moun ki obeyisan yo.

12 Epi Adan ak Èv te beni non Bondye, epi yo te fè tout pitit gason ak pitit fi yo ^akonnen tout bagay.

13 Epi ^aSatan te vini nan pami yo, li te di: M se yon pitit gason Bondye tou; epi l te kòmande yo, li di: Pa kwè bagay sa a; epi yo pa t ^bkwè, epi yo te ^crenmen Satan plis pase Bondye. Epi depi lè sa a, lèzòm te kòmanse vin ^dchanèl, sansyèl, epi dyabolik.

14 Epi Senyè Bondye a te rele lèzòm pa lantremiz ^aSentespri a tout kote, epi l te kòmande yo pou yo repanti;

15 Epi tout moun ki ta ^akwè nan Pitit Gason an e ki ta repanti

nan peche yo, t ap ^bsove; epi tout moun ki pa ta kwè epi ki pa ta repanti, t ap ^ckondane; epi pawòl yo te soti nan bouch Bondye pou ale kòm yon dekrè ki fèm; se sa ki fè, yo dwe akonpli.

16 Epi Adan ak Èv, madanm li, pa t sispann rele Bondye. Epi Adan te dòmi ak Èv, madanm li, Èv te asant epi l te fè ^aKayen, epi Èv te di: Senyè a ban mwen yon pitit gason se sa ki fè, li kapab pa rejte pawòl Senyè a yo. Men gade, Kayen pa t koute, li te di: Kiyès ki Senyè a pou m ta konnen l?

17 Epi Èv te asant ankò epi l te fè frè Kayen an, ^aAbèl. Epi Abèl te ^bkoute vwa Senyè a. Abèl te yon gadò mouton, men, Kayen te yon kiltivatè.

18 Epi Kayen te ^arenmen Satan plis pase Bondye. Epi Satan te kòmande l, li te di: ^bFè Senyè a yon ofrann.

19 Epi apre kèk tan, se te konsa, Kayen te pote yon ofrann nan fwi ki soti nan tè a bay Senyè a.

20 Epi Abèl te pote nan premye bèt ki te fèt nan twoupo li a ak grès la tou. Epi Senyè a te fè Abèl lonè, ak ^aofrann li a;

21 Men, li pa t fè Kayen lonè ak ^aofrann li a. Satan te konnen sa, epi sa te fè l plezi. Epi Kayen

10a GE Fèt ankò, fèt nan Bondye.
b D&A 107:41-56.
GE Pwofesi, pwofetize.
c GE Jwa.
d Jòb 19:26;
2 Ne. 9:4.
11a GE Èv.
b 2 Ne. 2:22-23.

12a Det. 4:9.
13a GE Dyab.
b GE Enkredilite.
c Moyiz 6:15.
d GE Chanèl;
Lòm natirèl.
14a Jan 14:16-18, 26.
15a GE Kwayans, kwè.
b GE Sali.
c D&A 42:60.

GE Danasyon, dane.
16a Jen. 4:1-2.
GE Kayen.
17a GE Abèl.
b Ebre 11:4.
18a D&A 10:20-21.
b D&A 132:8-11.
20a GE Ofrann;
Sakrifis.
21a Jen. 4:3-7.

te fache anpil, epi figi l te make kòlè.

22 Epi Senyè a te di Kayen: Poukisa ou fache? Poukisa kòlè make figi w?

23 Si w fè byen, m ap “aksepte w. Epi si w pa fè byen, peche kouche devan pòt la, epi Satan vle genyen w; epi si w pa koute kòmandman m yo, m ap livre w, epi l ap fè sa l vle avèk ou. Epi, ou pral gouvènen sou tèt li;

24 Paske depi kounyeya ou pral tounen papa manti l yo; non ou pral rele “Pèdisyon; paske se sa w te ye anvan mond lan.

25 Epi nan tan k ap vini an, moun pral di—“abominasyon sa yo te soti nan Kayen; paske li te rejte pi gwo konsèy ki te sòti nan men Bondye a; epi se malediksyon sa a m ap mete sou ou si w pa repanti.

26 Epi Kayen te fache, epi li pa t koute vwa Senyè a ankò, ni vwa Abèl tou, frè li a, ki te mache nan sentete devan Senyè a.

27 Epi Adan ak madanm li te kriyesan devan Senyè a, poutèt Kayen ak frè li yo.

28 Epi se te konsa, Kayen te marye avèk youn nan pitit fi frè l yo, epi yo te “renmen Satan plis pase Bondye.

29 Epi Satan te di Kayen: Sèmante ban mwenn sou gòj ou epi si w pale sa, w ap mouri; epi fè frè w yo sèmante sou tèt yo, ak sou Bondye ki vivan an,

pou yo pa pale sa; epi jodi a menm m ap livre frè w la, Abèl nan men w.

30 Epi Kayen te sèmante devan Satan l ap fè daprè kòmandman l yo. Epi tout bagay sa yo te fèt ansekèrè.

31 Epi Kayen te di: Anverite, m se Maan, mèt gwo sekèrè sa a, pou m kapab fè “asasina pou lajan. Se poutèt sa yo te rele Kayen Mèt “Maan, epi l te glorifye tèt li nan mechanste li a.

32 Epi Kayen t ale nan jaden an, epi Kayen te pale avèk Abèl, frè li a. Epi se te konsa, pandan yo te nan jaden an, Kayen te leve kont Abèl, frè li a, epi l te touye l.

33 Epi Kayen te “glorifye tèt li nan sa li te fè a, li te di: M lib; anverite, twoupo frè m nan tonbe nan men m.

34 Epi Senyè a te di Kayen: Kote Abèl? Epi l te di: M pa konnen. Èske m se “gadyen frè m nan?

35 Epi Senyè a te di: Kisa ou te fè konsa? Vwa frè w la ap kriye soti nan tè a monte kote m.

36 Kounyeya ou pral modi sou tè a ki te louvri bouch li pou l resevwa san frè w la.

37 Lè w kiltive tè a, li p ap ba w richès li depi kounyeya. Epi w ap tounen yon “pyepoudre ak yon vagabon sou tè a.

38 Epi Kayen te di Senyè a: Satan te “tante m akoz twoupo frè m nan. Epi m te fache tou;

23a Jen. 4:7;
D&A 52:15; 97:8.

24a GE Pitit pèdisyon yo.

25a Ela. 6:26–28.

28a Moyiz 5:13.

31a GE Ansasen.

b svd “panse,”
“destriktè,” ak
“sila a ki gran”
se siyifikasyon
posib rasin yo ki
nan “Mahan.”

33a GE Lògèy;
Mondanite.

34a Jen. 4:9.

37a Jen. 4:11–12.

38a GE Konvwate;
Tantasyon, tante.

paske w te aksepte ofrann li a epi w pa t aksepte pa m nan; pi-nisyon m nan pi rèd pase sa m kapab sipòte.

39 Gade w chase m jodia devan fas Senyè a, epi m pral kache lwen fas ou; m pral tounen yon pyepoudre ak yon vagabon sou tè a; epi yon moun ki jwenn mwen, l ap touye m, akoz inikite m yo, pase bagay sa yo pa kache devan Senyè a.

40 Epi Senyè a te di l: Nenpòt moun ki touye w, vanjans ap tonbe sou li sèt fwa. Epi mwen menm Senyè a, m te mete yon "mak sou Kayen, pou nenpòt moun ki jwenn li pa touye l.

41 Epi Kayen te ekskli nan "prezans Senyè a, epi avèk madanm li ak anpil nan frè l yo, li te rete nan peyi Nòd la, nan kote lès Edenn.

42 Epi Kayen te dòmi ak madanm li, epi l te ansent epi l te fè Enòk, epi Enòk tou te fè anpil pitit gason ak pitit fi. Epi li te bati yon vil, e li bay "vil sa a pote non pitit gason l nan, Enòk.

43 Epi Enòk te fè Irad, ak lòt pitit gason ak pitit fi. Irad te fè Meyijayèl, ak lòt pitit gason ak pitit fi. Epi Meyijayèl te fè Metichayèl, ak lòt pitit gason ak pitit fi. Epi Metichayèl te fè Lamèk.

44 Epi Lamèk te marye avèk de

madanm; non youn te Ada, epi non lòt la te Zila.

45 Ada te fè Jabal; li te papa moun ki te rete nan tant yo, epi yo te gadè bèf; epi non frè li a te Jabal, ki te papa moun ki te konn jwe harp ak òg yo.

46 Epi Zila te fè Toubal Kayen tou, yon enstriktè nan pwofesyon eren ak fè. Epi sè Toubal Kayen an te rele Naama.

47 Epi Lemèk te di madanm li yo, Ada ak Zila: Tande vwa mwen, nou menm madanm Lamèk yo, epi koute pawòl mwen; paske m te touye yon nonm pou blezi m yo, ak yon nonm pou doulè m yo.

48 Si Kayen pral vanje sèt fwa, Lemèk pral vanje "swasandisèt fwa;

49 Paske Lemèk te fè "alyans avèk Satan menm jan ak Kayen, kote l te vin tounen Mèt Maan, mèt gwo sekre Satan te bay Kayen an; epi Irad, pitit gason Enòk la ki te konnen sekre yo a, li te kòmanse revele l bay pitit gason Adan yo;

50 Se sa ki fè, Lemèk te fache, li te touye l, pa menm jan Kayen te touye frè l la, Abèl, poutèt lajan, men li te touye l pou pre-zève alyans la.

51 Paske, depi nan epòk Kayen an, te genyen "konbinezon sekre, epi travay yo te nan fènwa, epi chak moun te konnen frè yo.

40a Jen. 4:15.

41a Moyiz 6:49.

42a svd te genyen yon nonm ki te rele Enòk ki se desandan Kayen, ak yon vil ki gen menm non sa a nan pèp li a. Pa konfon

sa yo avèk Enòk ki se desandan Sèt ki te jis la epi avèk vil li a, Siyon, ki te rele tou "vil Enòk."

48a svd Lamèk te vante tèt lè l te di Satan ta fè plis pou li pase sa

l te fè pou Kayen. Yo bay rezon ki fè li te di sa a nan vèsè 49 ak 50.

Jen. 4:24.

49a GE Sèman.

51a GE Konbinezon sekre.

52 Se sa ki fè, Senyè a te modi Lemèk, epi lakay li, ak tout sa ki te fè alyans avèk Satan yo; paske yo pa t respekte kòmandman Bondye a yo, epi sa te deplè Bondye, epi li pa t administrateur pou yo, epi travay yo se te abominasyon, epi l te kòmanse gaye pami tout "pitit gason lèzòm. Epi se te pami pitit gason lèzòm yo.

53 Epi bagay sa yo pa t pale pami pitit fi lèzòm yo, paske Lemèk te bay madanm li yo sekre a, epi yo te revòlte kont li, epi yo te deklare bagay sa yo an piblik, epi yo pa t gen konpasyon;

54 Se sa ki fè, moun te meprize Lemèk, epi yo te chase l, epi l pa t vini pami pitit gason lèzòm yo pou l pa t mouri.

55 Epi se konsa travay "tenèb la te kòmanse gen pouvwa pami tout pitit gason lèzòm.

56 Epi Bondye te modi tè a avèk yon move malediksyon, epi l te fache kont mechan yo, avèk tout pitit lèzòm li te kreye yo;

57 Paske yo pa t vle koute vwa li, ni kwè nan "Sèl Pitit Gason Literal la, moun ki te deklare l ap vini nan midi tan, ki te pare depi anvan fondasyon mond lan.

58 Epi se konsa, "levanjil la te kòmanse preche, nan kòmansman, se ^bzanj yo te voye soti nan prezans Bondye, epi pa

mwayen vwa pa li, ak pa don "Sentespri a.

59 Epi se konsa tout bagay te konfime pou Adan, pa yon òdonans sen, epi Levanjil la te preche, epi yo te voye yon dekrè, pou l te nan mond lan, jiska lafen mond lan; epi se konsa sa te ye. Amèn.

CHAPIT 6

(Novanm–Desanm 1830)

Desandan Adan yo konsève yon liv rapèl—Posterite jis li a preche repantans—Bondye revele tèt Li devan Enòk—Enòk preche levanjil la—Bondye te revele Adan plan sali a—Li te resevwa batèm ak prèttriz la.

EPI "Adan te koute vwa Bondye, epi l te rele pitit gason l yo pou yo repanti.

2 Epi Adan te dòmi ak madanm li ankò, epi Èv te fè yon pitit gason epi Adan te rele non l "Sèt. Epi Adan te glorifye non Bondye; paske li te di: Bondye ban mwen yon lòt desandan nan plas Abèl, Kayen te touye a.

3 Epi Bondye te revele tèt li bay Sèt, epi li pa t fè rebèl, men, li te ofri yon "sakrifis akseptab, menm jan avèk frè li a, Abèl. Epi yon pitit gason te fèt pou li tou, epi l te rele l Enòs.

4 Epi apre sa, moun sa yo te kòmanse "rele non Senyè a epi Senyè a te beni yo.

52a Moyiz 8:14–15.

55a GE Mechan, mechanste; Tenèb, espiritiyèl.

57a GE Jezikri.

58a GE Levanjil.

b Alma 12:28–30;

Mowo. 7:25, 29–31.

GE Zanj yo.

c GE Don Sentespri.

6 1a GE Adan.

2a Jen. 4:25.

GE Sèt.

3a GE Sakrifis.

4a Jen. 4:26.

GE Priyè.

5 Epi yo te konsève “yon liv souvni, ladan l yo te anrejistre, nan langaj Adan, paske tout moun ki te rele non Bondye te gen dwa ekri ladan l avèk lespri^benspirasyon.

6 Epi se avèk yo timoun yo te aprann li ak ekri, paske yo te gen yon langaj ki te pi epi ki pa t degrade.

7 Kounyeya, menm “prètriz sa a ki te nan kòmansman an, pral nan finisman mond lan tou.

8 Kounyeya, Adan te pale pwofesi sa a pandan “Sentespri a te enspire l, epi yo te konsève^bjenyaloji “pitit Bondye yo. Epi se te “liv jenerasyon Adan yo, ki te di: Nan epòk Bondye te kreye lòm, li te kreye l nan imaj Bondye.

9 Li te kreye “yo, nan^bimaj pwòp kò pa l, gason ak fi, epi l te beni yo, epi l te rele “non yo Adan, nan epòk yo te kreye epi yo te vin tounen “nanm vivan yo sou tè a, sou “machpye Bondye a.

10 Epi “Adan te viv santran-tan, epi l te fè yon pitit gason nan pwòp resanblans pa l, dapre^bimaj pa l, epi l te rele non l Sèt.

11 Epi jou Adan yo apre l te fin fè Sèt, te yuisanzan, epi l te fè anpil pitit gason ak ak pitit fi;

12 Epi tout jou Adan te viv yo

te nèfsantranteyen ane, epi l te mouri.

13 Sèt te viv sansenk ane, epi l te fè Enòs, epi l te pwofetize pandan tout lavi l, epi l te ansenye pitit gason li a, Enòs nan chemen Bondye a; se sa ki fè, Enòs te pwofetize tou.

14 Epi Sèt te viv yuisansèt ane apre l te fin fè Enòs, epi l te fè anpil pitit gason ak pitit fi.

15 Epi pitit lèzòm yo te anpil sou tout fas tè a. Epi nan jou sa yo, Satan te gen anpil “dominasyon pami lèzòm, epi l te fè raj nan kè yo; epi depi lè sa a te vin gen lagè ak asasina; epi men yon nonm te kont pwòp frè pa l, nan òganize lanmò, poutèt zèv^bsekre ki t ap chèche gen pouwa.

16 Epi tout jou Sèt yo te nèfsandouz ane, epi l te mouri.

17 Epi Enòs te viv katreven dis ane, epi l te fè “Kenan. Epi Enòs ak rèz pèp Bondye a te soti vin nan tè ki te rele Choulon an, epi yo te rete nan yon tè pwomès, li te lonmen l dapre non pitit gason li a ki te rele Kenan nan.

18 Epi Enòs te viv yuisankenz ane apre l te fin fè Kenan, epi l te fè anpil pitit gason ak pitit fi. Epi tout jou Enòs yo te nèfsansenk ane, epi l te mouri.

19 Epi Kenan te viv swasanndis ane epi l te fè Maaleyèl; epi apre

5a Abr. 1:28, 31.

GE Liv rapèl.

b GE Enspirasyon, enspire.

7a GE Prètriz.

8a 2 Pyè 1:21.

b GE Jenyaloji.

c GE Pitit gason ak pitit fi Bondye.

d Jen. 5:1.

9a GE Lèzòm, lòm.

b Jen. 1:26-28;

Moyiz 2:26-29;

Abr. 4:26-31.

c Moyiz 1:34; 4:26.

d GE Nanm.

e Abr. 2:7.

10a D&A 107:41-56.

b Jen. 5:3;

D&A 107:42-43;

138:40.

15a Moyiz 5:13.

b GE Konbinezon

sekre.

17a Jen. 5:10-14;

D&A 107:45, 53.

Kenan te fin fè Maaleyèl, li te viv yuisankarant ane, epi l te fè pitit gason ak pitit fi. epi tout jou Kenan yo te nèfsandis ane, epi l te mouri.

20 Epi Maaleyèl te viv swasansenk ane, epi l te fè Jarèd; epi Maaleyèl te viv yuisantrant ane apre l te fin fè Jarèd, epi l te fè pitit gason ak pitit fi. Epi tout jou Maaleyèl yo te yuisankatrevenkenz ane, epi l te mouri.

21 Epi Jarèd te viv sanswasanndezan, epi l te fè "Enòk; Epi Jarèd te viv yuisanzan apre l te fin fè Enòk, epi l te fè pitit gason ak pitit fi. Epi Jarèd te anseye Enòk nan tout chemen Bondye yo.

22 Epi se jeneyaloji pitit gason Adan yo, ki te "pitit gason Bondye, epi Bondye te konvèse avè l.

23 Epi yo te "predikatè lajistis, yo te pale epi yo te "pwofetize, epi yo te rele lèzòm tout kote pou yo "repanti; epi yo te anseye pitit lèzòm "lafwa.

24 Epi se te konsa, tout jou Jarèd yo te nèfsanswasanndezan, epi l te mouri.

25 Epi Enòk te viv swasansenk ane, epi l te fè "Metichèla.

26 Epi se te konsa, Enòk te vwayaje nan peyi a, pami pèp la; epi pandan l t ap vwayaje, Lespri Bondye te desann soti nan syèl la, epi l te rete sou li.

27 Epi l te tande yon vwa nan syèl la, ki te di: Enòk, pitit gason m nan, pwofetize devan pèp sa a, epi di yo—Repanti, paske Senyè a di: M "fache kont pèp sa a, epi move kòlè m limen kont yo; paske kè yo te vin di, epi "zorèy yo bouche pou yo pa tande, epi je yo "pa kapab wè lwen;

28 Epi kanta pakèt jenerasyon sa yo, depi jou m te kreye yo a, yo te "egare pèdi, yo te nye m, epi yo te chèche pwòp konsèy pa yo nan tenèb; epi nan abominasyon pa yo, yo te planifye asasina, epi yo pa t respekte komandman m te bay papa yo a, Adan an.

29 Se sa ki fè, yo te sèman sou tèt pa yo, epi avèk "sèman yo, yo pote lanmò sou tèt yo, epi m pare yon "lanfè pou yo, si yo pa repanti;

30 Epi se yon dekrè m te voye nan kòmansman mond lan, ki te soti nan bouch pa m, depi nan fondasyon mond lan, ak nan bouch sèvitè m yo, zansèt ou yo, m te dekrete l, menm jan m pral voye l nan mond lan, nan tout kwen mond lan.

31 Epi lè Enòk te tande pawòl sa yo, li te bese tèt li atè devan Senyè a, li te di: Poukisa m jwenn favè devan ou, epi m se sèlman yon timoun epi tout pèp la rayi m; paske m pale "dousman; epi m se sèvitè ou?

21 a Jen. 5:18–24;
Moyiz 7:69; 8:1–2.

GE Enòk.
22 a Lik 3:38.

23 a GE Pwofèt.
b GE Pwofesi,
pwofetize.

c GE Repantans, repanti.

d GE Lafwa.

25 a GE Metichèla.

27 a D&A 63:32.

b Mat. 13:15;

2 Ne. 9:31;

Mozya 26:28;

D&A 1:2, 11, 14.

c Alma 10:25; 14:6.

28 a GE Rebelyon.

29 a GE Sèman.

b GE Lanfè.

31 a Egz. 4:10–16;

Jer. 1:6–9.

32 Epi Senyè a te di Enòk: ale epi fè jan m kòmande ou, epi pèsonn p ap kapab pèse w. Louvri "bouch ou, epi l ap ranpli. Epi m ap ba w enspirasyon, paske tout kò fizik nan men mwen, epi m ap fè jan m vle.

33 Di pèp sa a: "Chwazi jodi a, pou ou sèvi Senyè Bondye a ki te kreye w la.

34 Gade, Lespri m sou ou, se sa ki fè, m ap jistifye tout pawòl ou; epi "mòn yo pral kouri devan w, epi "briyè yo pral detounen nan chemen yo; epi ou pral rete nan mwen, epi mwen menm nan ou menm; se poutèt sa, "mache avèk mwen.

35 Epi Senyè a te pale avèk Enòk, epi l te di l: Fè yon onksyon pou je ou avèk ajil, epi lave yo, epi w ap wè, epi l te fè sa.

36 Epi l te wè "lespri Bondye te kreye yo; epi tou li te wè bagay ki pa t vizib pou je "natirèl; epi depi lè sa a te gen yon pawòl gaye nan peyi a: Senyè a te leve yon "vwayan pou pèp li a.

37 Epi se te konsa, Enòk t ale nan peyi a, pami pèp la, li te kanpe sou kolin yo ak plas ki wo yo, li te rele avèk yon vwa fò, pou l temwaye kont zèv yo; epi tout moun te "ofanse poutèt li.

38 Epi yo te vini sou plas wo yo pou yo tandè l, yo te di jèran tant yo: Rete la epi kenbe tant yo pandan nou prale monte pou nou wè vwayan an, paske l

ap pwofetize, epi gen yon bagay etranj nan peyi a; yon moun souvaj te antre pami nou.

39 Epi se te konsa, lè yo te tandè l, pèsonn pa t mete men sou li; paske lakrent te tonbe sou tout moun ki te tandè l yo; paske li te mache avèk Bondye.

40 Epi yon nonm ki te rele Ma-yija te vini kote l, epi ki te di l konsa: Di nou byen klè kiyès ou ye, epi ki kote ou soti?

41 Epi l te di yo: M te soti nan peyi Kenan an, peyi zansèt mwen yo, yon tè lajistis jouk jodi a. Epi papa m te ansenye m nan tout chemen Bondye yo.

42 Epi se te konsa, pandan m t ap vwayaje soti nan peyi Kenan an, bò kote lanmè ki nan kote lès la, m te wè yon vizyon; epi gade m te wè syèl la, epi Senyè a te pale avèk mwen, epi l te ban m kòmandman; se sa ki fè, se pou rezon sa a, pou m kapab respektè kòmandman an, m pale pawòl sa yo.

43 Epi Enòk te kontinye diskou li a, li te di: Senyè a ki te pale avèk mwen an, limenm ki se Bondye syèl la, epi li se Bondye m nan, e Bondye pa w tou, epi nou se frè m, epi poukisa n ap chèche bay tèt nou "konsèy epi nou nye Bondye ki nan syèl la?

44 Li te fè syèl la; "tè a se "machpye l; epi fondasyon an se pou li. Gade, li te fè l, li te mete anpil anpil moun sou fas li.

32a D&A 24:5-6; 60:2.

33a GE Lib abit.

34a Mat. 17:20.

b Moyiz 7:13.

c Jen. 5:24;

Moyiz 7:69.

GE Mache, mache avèk Bondye.

36a GE Kreyasyon lespri.

b Moyiz 1:11.

c GE Vwayan.

37a 1 Ne. 16:1-3.

43a Pwov. 1:24-33;

D&A 56:14-15.

44a Det. 10:14.

b Abr. 2:7.

45 Epi lanmò te vini sou papa nou yo; sepandan nou konnen yo epi nou pa kapab nye, epi nou te konnen sa ki te premye a, Adan menm.

46 Paske nou te ekri yon liv “souvni pami nou, dapre modèl dwèt Bondye te ban nou an; epi nou te resevwa l nan pwòp langaj pa nou.

47 Epi pandan Enòk t ap pale pawòl Bondye a, pèp la te tranble, epi yo pa t kapab kanpe nan prezans li.

48 Epi l te di yo: Paske Adan te “tonbe, nou egziste; epi pa mwayeren chit li a ^blanmò te vini; epi sò nou se mizè ak malè.

49 Gade, Satan vini pami pitit lèzòm, epi l te “tante yo pou yo adore l; epi lèzòm te vin ^bchanèl, “sansyèl, epi satanik, epi yo vin ^aekskli devan prezans Bondye.

50 Men, Bondye te fè papa nou yo konnen tout moun dwe repanti.

51 Epi li te rele Adan avèk pwòp vwa pa li, li te di: M se Bondye; m te fè mond lan ak “lèzòm ^banvan yo te gen kò fizik.

52 Epi tou li te di l konsa: Si w retounen vin jwenn mwen, epi w koute vwa m, epi w kwè, epi w repanti nan tout transgresyon ou yo, epi w ^abatize nan dlo menm, nan non Sèl Pi-

tit Gason Literal mwen an, ki plen ^blagras ak verite a, ki se “Jezikri a, sèl ^anon yo pral ban nou anba syèl la kote “sali kapab vini pou pitit lèzòm yo, w ap resevwa don Sentespri a, si w mande tout bagay nan non li, epi nenpòt sa w mande, w ap resevwa l.

53 Epi papa nou, Adan, te pale avèk Senyè a, epi l te di: Poukisa lèzòm dwe repanti epi yo dwe batize nan dlo? Epi Senyè a te di Adan: Gade m te “padone w transgresyon ou nan Jaden Edenn nan.

54 Depi lè a te vin gen pawòl gaye pami pèp la ki fè konnen, “Pitit Gason Bondye a te ^bekspye kilpabilite orijinal la, ki fè peche paran yo pa reponn sou tèt “pitit yo, paske yo sen depi nan fondasyon mond lan.

55 Epi Senyè a te pale avèk Adan, li te di: Toutotan pitit ou yo fèt nan peche, se menm jan an tou, lè yo kòmanse grandi, “peche fèt nan kè yo, epi yo goute sa ki ^banmè, pou yo kapab konnen pri bagay ki bon.

56 Epi yo gen kapasite pou yo konnen diferans ant byen ak mal; se sa ki fè, yo “endepandan pou tèt pa yo, epi m ba w yon lòt lalwa ak yon lòt kòmandman.

46a GE Liv rapèl.

48a 2 Ne. 2:25.

GE Chit Adan ak Èv.

b GE Lanmò, fizik.

49a Moyiz 1:12.

GE Tantasyon, tante.

b Mozya 16:3–4;

Moyiz 5:13.

GE Chanèl.

c GE Sansyalite, sansyèl.

d GE Lanmò espirityèl.

51a GE Lèzòm, lòm—Lòm, yon pitit espirityèl Papa Bondye.

b GE Kreyasyon lespri.

52a 3 Ne. 11:23–26.

GE Batèm, batize.

b GE Gras.

c GE Jezikri.

d Tra. 4:12;

2 Ne. 31:21.

e GE Sali.

53a GE Padon.

54a GE Jezikri.

b GE Ekspyasyon, ekspye.

c Mozya 3:16.

55a GE Peche.

b D&A 29:39.

GE Advèsite.

56a 2 Ne. 2:26–27;

Ela. 14:29–30.

GE Lib abit.

57 Se sa ki fè, ansenye pitit ou yo sa, pou yo konnen tout moun ki tout kote dwe ^arepanti, san sa yo p ap kapab eritye wayòm Bondye a nan okenn fason, paske okenn bagay ki ^bpa pwòp pa kapab rete, oubyen ^crete nan prezans li; paske nan langaj Adan, ^dLòm Sentete a se non li, epi non Sèl Pitit Literal la se ^ePitit Gason Lòm nan, Jezikri menm, yon ^fJij ki jis, ki pral vini nan midi tan yo.

58 Se sa ki fè, m ba w yon kòmandman, pou w ansenye ^apitit ou yo bagay sa yo, pou w di:

59 Poutèt transgresyon an, chit la te fèt, chit sa a ki te pote lanmò, epi toutotan nou fèt nan mond lan avèk dlo, ak san, ak ^alespri a m te fè a, epi konsa ^bpousyè a vin tounen yon nanm vivan, se konsa ou dwe ^cfèt ankò nan wayòm Bondye a, avèk ^ddlo, epi avèk Lespri a, epi pou nou lave avèk san, san Sèl Pitit Literal mwen an menm; pou nou kapab sanktifye anba tout peche, epi pou nou ^ejwi ^fpawòl lavi etènèl nan mond sa a, ak lavi etènèl nan mond k ap vini an, ^glaglwa imòtèl menm;

60 Paske avèk ^adlo a nou respekte kòmandman yo; avèk

Lespri a nou ^bjistifye, epi avèk ^csan an nou ^dsanktifye;

61 Se sa ki fè, sa dwe rete nan nou, rejis ki nan syèl la; ^aKonsolelatè a; bagay pèzib laglwa imòtèl la yo; ki tout bagay lavi, ki fè tout bagay vin vivan, epi ki gen tout pouvwa konsènan lasajès, mizèrikòd, verite, lajistis, ak jijman an.

62 Epi kounyeya, gade, m di w: se ^aplan sali a sa pou tout moun, pa mwayen san ^bSèl Pitit Literal mwen an, ki pral vini nan midi tan yo.

63 Epi gade, tout bagay gen resanblans yo, epi tout bagay te kreye epi yo te fèt pou ^arann temwayaj konsènan mwen, bagay ki tanporèl ak bagay ki espirityèl; bagay ki anlè nan syèl la ak bagay ki anba tè a, epi bagay ki sou tè a, ak bagay ki anba tè a: tout bagay rann temwayaj konsènan mwen.

64 Epi se te konsa, lè Senyè a te fin pale avèk Adan, papa nou, Adan te kriye nan pye Senyè a, epi ^aLespri Senyè a te anpòte l, epi l te pote l desann nan dlo a, epi l te mete l anba ^bdlo a, epi l te wete l nan dlo a.

65 Epi se konsa li te batize, epi Lespri Bondye te desann sou li,

57a 1 Kor. 6:9-10.

GE Repantans, repanti.

b 1 Ne. 10:21.

GE Pwòp ak malpwòp.

c Sòm 24:3-4;

1 Ne. 15:33-36;

Mòm. 7:7;

D&A 76:50-62.

d Moyiz 7:35.

GE Lòm Sentete a.

e GE Pitit gason

lòm nan.

f GE Jezikri—Jij;

Jistis.

58a GE Timoun,

timoun yo.

59a 1 Jn. 5:8.

b Jen. 2:7;

Moyiz 4:25;

Abr. 5:7.

c GE Fèt ankò, fèt

nan Bondye.

d GE Batèm, batize.

e 2 Ne. 4:15-16;

Alma 32:28.

f Jan 6:68.

g GE Glwa selès.

60a Mowo. 8:25.

b GE Jistifikasyon,

jistifye.

c GE San.

d GE Sanktifikasyon.

61a GE Sentespri.

62a GE Plan redanmsyon.

b GE Sèl pitit literal.

63a Alma 30:44;

D&A 88:45-47.

64a GE Sentespri.

b GE Batèm, batize.

epi se konsa li te ^afèt nan Lespri a, epi l te vin vivifye nan lòm ki ^bandedan li a.

66 Epi l te tande yon vwa ki te soti nan syèl la, ki te di: Ou ^abatize avèk dife, epi avèk Sentespri a. Se ^btemwayaj Papa a, ak Pitit Gason an, pou tan gen tan;

67 Epi w vin daprè ^alòd limenm ki pa gen kòmansman jou oubyen finisman ane a, depi nan letènite jouk nan letènite.

68 Gade, ou se ^ayon sèl nan mwen menm, yon pitit gason Bondye; epi konsa, se pou tout moun vin tounen ^bpitit mwen yo. Amèn.

CHAPIT 7 (Desanm 1830)

Enòk preche, li dirije pèp la, epi l deplase mòn—Vil Siyon an tabli—Enòk prevwa aparisyon Pitit Gason Lòm nan, sakrifis ekspyatwa Li a, ak rezirèksyon Sen yo—Li prevwa Retablisman an, Rasanbleman an, Dezyèm Aparisyon an, ak retou Siyon.

Epi se te konsa, Enòk te kontinye diskou li a, li te di: Gade, papa nou, Adan, te preche bagay sa yo, epi anpil moun te kwè epi yo te vin tounen ^apitit Bondye, epi anpil moun tou ki pa t kwè, epi yo te peri nan peche yo, epi y ap ret tann avèk ^blakrent, nan touman, pou move

endiyasyon kòlè Bondye ki pral vide sou yo.

2 Epi depi lè sa a, Enòk te kòmanse pwofetize, li te di pèp la: Pandan m t ap vwayaje, epi m te kanpe nan plas Mayija a, epi m te kriye nan pye Senyè a, te gen yon vwa ki te soti nan syèl la, ki te di—Retounen, epi monte sou mòn Simeyon an.

3 Epi se te konsa, m te retounen epi m te monte sou mòn nan; epi pandan m te kanpe sou mòn nan, m te wè syèl la louvri, epi m te abiye ^alaglwa;

4 Epi m te wè Senyè a; epi l te kanpe devan fas mwen, epi l te pale avèk mwen, menm jan yon nonm t ap pale avèk yon lòt, ^afasafas; epi l te di m: ^bGade, epi m ap montre w mond lan pou yon espas anpil jenerasyon.

5 Epi se te konsa, m te gade nan vale Choum nan, epi gade, yon gwo pèp ki te rete nan tant, ki te pèp Choum nan.

6 Epi ankò Senyè a te di m: Gade; epi m te gade nan direksyon nò an, epi m te wè pèp Kanaran an, ki te rete nan tant.

7 Epi Senyè a te di m: Pwofetize; epi m te pwofetize, m te di: Men pèp Kanaran an, ki anpil, ki pral nan batay kont pèp Choum nan, ki pral touye yo nan yon fason pou yo vin detwi totalman; epi pèp Kanaran an pral divize kò yo nan peyi a,

65a GE Fèt ankò, fèt nan Bondye.

b Mozya 27:25; Alma 5:12–15.

66a D&A 19:31.

GE Don Sentespri.
b 2 Ne. 31:17–18;
3 Ne. 28:11.

67a GE Prètriz Mèlkisedèk.

68a 1 Jn. 3:1–3;
D&A 35:2.

b Jan 1:12;
D&A 34:3.

GE Pitit gason ak pitit fi Bondye.

7 1a GE Pitit gason ak

pitit fi Bondye.

b Alma 40:11–14.

3a GE Transfigirasyon.

4a Jen. 32:30;

Det. 5:4;

Moyiz 1:2, 11, 31.

b Moyiz 1:4.

epi tè a pral vin enpwodiktif epi san fwi, epi okenn lòt pèp pa pral rete kote sa a, eksepte pèp Kanaran an;

8 Paske gade, Senyè a pral modi tè a avèk anpil chalè, epitè a pral enpwodi pou tout tan; epi te gen yon ^akoulè nwa ki te tonbe sou tout pitit Kanaran yo, epi yo te meprize nan pami tout pèp.

9 Epi se te konsa, Senyè a te di m: Gade; epi m te gade, m te wè peyi Charon an, ak peyi Enòk la, ak peyi Omnè a, ak peyi Heni an, ak peyi Sèm nan, ak peyi Eni an, ak peyi Ananya a, ak tout abitan ki te ladan yo;

10 Epi Senyè a te di m: Ale kote pèp sa a, epi di yo—“Repanti, pou m pa soti epi pou m pa frape yo avèk yon malediksyon, epi pou yo pa mouri.

11 Epi li te ban m yon kòmandman pou m ^abatize moun nan non Papa a, ak Pitit Gason an, ki plen ^blagras ak laverite a, ak ^cSentespri a, ki rann temwayaj konsènan Papa a ak Pitit Gason an.

12 Epi se te konsa, Enòk te kontinye rele tout pèp pou yo repanti, eksepte pèp Kanaran an;

13 Epi ^alafwa Enòk te tèlman gran, li te dirije pèp Bondye a, epi ènmi yo te vin batay kont yo; epi l te pale pawòl Senyè a, epi tè a te tranble, ^bepi mòn

yo te kouri menm daprè kòmandman li; epi ^crivyè dlo yo te detounen nan chemen yo; epi moun te tandè lyon yo k ap gwonde nan dezè a; epi tout nasyon yo te ranpli lakrent, tèlman pawòl Enòk te gen ^dpouvwa, epi tèlman pouvwa langaj Bondye te ba li a te gran.

14 Te gen yon tè ki te sòti nan pwofondè lanmè a tou, epi ènmi yo te tèlman gen lakrent pou pèp Bondye a, yo te kouri epi yo te kanpe lwen epi yo t ale sou tè ki te sòti nan pwofondè lanmè a.

15 Epi ^ajeyan yo ki nan peyi a tou te kanpe lwen; epi te gen yon malediksyon ki te tonbe sou tout moun ki t ap goumen kont Bondye yo;

16 Epi depi lè sa a te gen lagè ak masak nan pami yo; men, Senyè a te vini epi l te rete avèk pèp li a, epi yo te rete nan lajistis.

17 ^aLakrent Senyè a te sou tout nasyon yo, tèlman laglwa Senyè a ki te sou pèp li a te gran. Epi Senyè a te ^bbeni tè a, epi yo te beni sou mòn yo ak sou plas ki wo yo, epi yo te gen abondans.

18 Epi Senyè a te rele pèp li a ^aSIYON, paske yo te gen ^byon sèl kè ak yon sèl panse, epi yo te viv nan lajistis; epi pa t gen pòv pami yo.

19 Epi Enòk te kontinye predikasyon li a nan lajistis pou pèp

8a 2 Ne. 26:33.

10a Moyiz 6:57.

GE Repantans, repanti.

11a GE Batèm, batize.

b GE Gras.

c GE Sentespri.

13a GE Lafwa.

b Mat. 17:20.

c Moyiz 6:34.

d GE Pouvwa;

Prètriz.

15a Jen. 6:4;

Moyiz 8:18.

17a Egz. 23:27.

b 1 Kwo. 28:7-8;

1 Ne. 17:35.

18a GE Siyon.

b Tra. 4:32;

Filip. 2:1-4.

GE Inite.

Bondye a. Epi se te konsa, nan epòk li a, li te bati yon vil ki te rele Vil Sentete, sa vle di Siyon an.

20 Epi se te konsa, Enòk te pale avèk Senyè a; epi l te di Senyè a: Anverite, “Siyon pral rete an sekirite pou tout tan. Men, Senyè a te di Enòk: M beni Siyon, men, m modi rès pèp la.

21 Epi Senyè a te montre Enòk tout abitan yo ki sou tè a; epi gade, li te wè Siyon nan tan ki pral rive, Bondye te “pran anlè nan syèl la. Epi Senyè a te di Enòk: Gade li pou mwen pou tout tan.

22 Epi tou, Enòk te wè rès pèp ki te pitit Adan yo; epi yo te yon melanj tout desandan Adan yo, eksepte desandan Kayen yo, paske desandan Kayen yo te “nwa, epi yo pa t gen plas nan pami yo.

23 Epi apre Bondye te fin monte Siyon nan “syèl la, Enòk te ^bwè “tout nasyon yo ki te sou tè a devan l;

24 Epi jenerasyon te vini apre jenerasyon; epi Enòk te wo epi l te “leve anlè, nan zantray Papa a menm ak Pitit Gason Lòm nan; epi gade, pouvwa Satan te sou tout fas tè a.

25 Epi l te wè zanj ki t ap desann soti nan syèl la; epi l te tande yon vwa fò ki te di: Malè, malè pou abitan yo ki sou tè a.

26 Epi l te wè Satan; epi Satan te gen yon gwo “chenn nan men li, epi l te vwale tout fas tè a avèk ^btenèb; epi Satan te gade anlè epi l te ri, epi “zanj li yo te rejwi.

27 Epi Enòk te wè “zanj ki t ap soti desann nan syèl la, ki t ap rann ^btemwayaj konsènan Papa a ak Pitit Gason an; epi Sentespri a te tonbe sou anpil moun, epi pouvwa syèl la te pran yo monte nan Siyon an.

28 Epi se te konsa, Bondye ki nan syèl la te gade rès pèp la, epi l te kriye; epi Enòk te rann temwayaj konsènan sa, li te di: Kòman fè syèl la kriye, epi dlo l koule nan je l tankou lapli ki sou mòn yo?

29 Epi Enòk te di Senyè a: Kòman fè w kapab “kriye, etandone w sen, epi w la depi tout letènite jouk nan tout letènite?

30 Epi si se te posibil pou lòm ta konte yon ti kantite nan tè yo, wi, milyon “tè tankou sa a, se pa t ap menm yon kòmansman nan kantite ^bkreyasyon ou yo; epi fwontyè ou yo toujou laji; epi malgre sa w la, epi zantray ou la; epi tou ou jis; ou gen mizèrikòd epi ou janti pou toujou;

31 Epi ou pran Siyon mete nan pwòp zantray ou, pami tout kreyasyon ou yo, depi tout letènite jouk nan tout letènite; epi pa gen lòt bagay eksepte

20a Moyiz 7:62–63.
GE Nouvo Jerizalèm.

21a Moyiz 7:69.

22a 2 Ne. 26:33.

23a GE Syèl.

b GE Vizyon.

c D&A 88:47;

Moyiz 1:27–29.

24a 2 Kor. 12:1–4.

26a Alma 12:10–11.

b Eza. 60:1–2.

c Jid 1:6;

D&A 29:36–37.

27a GE Zanj yo.

b GE Temwayaj.

29a Eza. 63:7–10.

30a D&A 76:24;

Moyiz 1:33.

b GE Kreyasyon, kreye.

“lapè, ^blajistis, ak ^cverite ki chita sou twòn ou; epi mizèrikòd prale devan fas ou epi l pa gen finisman; kòman ou fè kapab kriye?

32 Senyè a te di Enòk: Gade frè ou yo; yo se ^atravay m fè avèk pwòp men pa mwen, epi m te ba yo ^bkonesans yo genyen an, nan jou m te kreye yo a; epi nan Jaden Edenn nan, m te bay lòm ^clib abit;

33 Epi m te di frè w yo, epi m te ba yo kòmandman pou yo ^arenmen youn lòt, epi pou yo chwazi m, Papa yo; men, gade, yo san afeksyon, epi yo rayi pwòp san pa yo;

34 Epi ^adife endiyasyon m limen kont yo; epi nan gran mekontantman mwen an m ap voye ^bdelij la sou yo, paske move kòlè m limen kont yo.

35 Gade, m se Bondye; ^aLòm Sentete a se non pa mwen; Lòm Konsèy la se non pa mwen; epi San Finisman ak Etènèl a se ^bnon pa mwen tou.

36 Se sa ki fè, m kapab lonje men mwen epi m kapab kenbe tout kreyasyon m te fè yo; epi ^aje m kapab pèse yo tou, epi nan pami tout travay men m te fè, pa t janm gen gwo ^bmechanste tankou pa frè ou yo.

37 Men gade, peche yo pral

sou tèt zansèt yo; se Satan ki pral papa yo, epi se mizè ki pral kondanasyon yo; epi tout syèl la pral kriye poutèt yo, menm tout travay ki te soti nan men m yo; se sa ki fè, èske syèl la pa dwe kriye, kòm moun sa yo pral soufri?

38 Men gade, moun sa yo je w sou yo a, yo pral peri nan delij la; epi gade m pral fèmen yo; m te pare yon ^aprizon pou yo.

39 Epi moun ^asa a m te chwazi a ap plede devan fas mwen. Se sa ki fè, li soufri pou peche yo; toutotan yo repanti nan jou moun m te ^bchwazi a pral retounen kote m, epi toutotan jou sa a poko rive yo pral nan ^ctouman;

40 Se sa ki fè, poutèt rezon sa a, syèl la pral kriye, wi, ak tout travay men m te fè yo.

41 Epi se te konsa, Senyè a te pale avèk Enòk, epi l te di l tout bagay pitit lèzòm yo t ap fè; se sa ki fè, Enòk te konnen, epi l te wè tout mechanste yo, ak mizè yo, epi l te kriye epi l te lonje ponyèt li, epi ^akè l te gwosi laj tankou letènite; epi zantray li te ranpli ak konpasyon; epi tout letènite a te tranble.

42 Epi Enòk te wè ^aNoye tou, ak ^bfanmi Noye; epi tout

31 ^a GE Lapè.

^b GE Jistis.

^c GE Verite.

32 ^a Moyiz 1:4.

^b GE Konesans.

^c GE Lib abit.

33 ^a GE Lanmou, renmen.

34 ^a Eza. 30:27;

Nawoum 1:6;

D&A 35:14.

^b Jen. 7:4, 10;

Moyiz 8:17, 24.

GE Delij nan

epòk Noye a.

35 ^a Moyiz 6:57.

^b Moyiz 1:3.

36 ^a D&A 38:2; 88:41;

Moyiz 1:35-37.

^b Jen. 6:5-6;

Moyiz 8:22, 28-30.

38 ^a 1 Pyè 3:18-20.

GE Lanfè.

39 ^a svd Sovè a.

^b Moyiz 4:2;

Abr. 3:27.

GE Jezikri.

^c GE Danasyon, dane.

41 ^a Mozya 28:3.

GE Konpasyon.

42 ^a GE Noye, patriyach

biblik.

^b Moyiz 8:12.

desandan Noye te gen pou yo sove avèk yon sali ki tanporèl;

43 Se sa ki fè, Enòk te wè Noye konstwi yon “bato; epi Senyè a te souri sou li, epi l te kenbe l nan pwòp men pa l; men, sou rèss mechan yo delij la te vini epi l te anglouti yo.

44 Epi lè Enòk te wè sa, nanm li te vin anmè tankou fyèl, epi l te kriye poutèt frè l yo, epi l te di syèl la: M pral “refize konsòle tèt mwen; men, Senyè a te di Enòk konsa: Leve kè w, epi ou mèt kontan; epi gade.

45 Epi se te konsa, Enòk te gade; nan Noye li te wè tout fanmi yo ki sou tè a; epi l te kriye nan pye Senyè a, li te di: Ki lè jou Senyè a pral rive? Ki lè san Moun Ki Jis la pral koule, pou tout moun k ap lamante yo kapab “sanktifye epi pou yo gen lavi etènèl?

46 Epi Senyè a te di: Sa pral fèt nan “midi tan an, nan jou mechanste ak vanjans la.

47 Epi gade, Enòk te wè jou aparisyon Pitit Gason Lòm nan, nan kò fizik la menm; epi nanm li te rejwi, li te di: Moun ki Jis la leve anlè, epi yo touye “Ti Mouton an depi nan fondasyon mond lan; epi pa mwayen lafwa m nan zantray Papa a, epi gade, ^bSiyon avèk mwen.

48 Epi se te konsa, Enòk te gade sou “tè a, epi l te tande yon vwa nan zantray tè a, ki te di:

Malè, malè mwen menm ki se manman lèzòm; m gen doulè, m fatige, akòz mechanste pitit mwen yo. Ki lè m ap ^brepoze, epi pou m netwaye anba ‘salte ki te soti nan mwen an? Ki lè Kreyatè m nan pral sanktifye m, pou m kapab repoze, epi pou lajistis rete sou fas mwen pou kèk tan?

49 Epi lè Enòk te tande tè a lamante, dlo te nan je l, epi l te kriye nan pye Senyè a, li te di: O Senyè èske w ap gen konpasyon pou tè a? Èske w p ap beni pitit Noye yo?

50 Epi se te konsa, Enòk te kontinye kriye nan pye Senyè a, li te di: M mande w, O Senyè, nan non Sèl Pitit Literal w a, Jezikri menm, pou w gen mizèrikòd pou Noye ak desandan l yo, pou tè a pa janm kouvri ankò anba delij.

51 Epi Senyè a pa t kapab refize; epi l te fè alyans avèk Enòk, epi l te sèman devan l avèk yon alyans pou l rete “delij yo; epi pou l rele pitit Noye yo.

52 Epi li te voye yon dekrè irevokab, pou yon “rèss nan desandan Noye yo ta toujou pami tout nasyon yo, pandan tè a egziste;

53 Epi Senyè a te di: Moun Mesi a pral vini pa mawyen l la, ap beni; paske li di—M se “Mesi a, ^bWa Siyon an, ^cWòk Syèl la, ki laj menm jan avèk le-

43a Jen. 6:14–16;

Etè 6:7.

44a Sòm 77:2;

Etè 15:3.

45a GE Sanktifikasyon.

46a Moyiz 5:57.

47a GE Ti mouton Bondye.

^b Moyiz 7:21.

48a GE Tè—Netwayaj tè a.

^b Moyiz 7:54, 58, 64.

^c GE Sal, salte.

51a Sòm 104:6–9.

52a Moyiz 8:2.

53a GE Mesi.

^b Mat. 2:2;

2 Ne. 10:14;

Alma 5:50;

D&A 128:22.

^c Sòm 71:3; 78:35;

Ela. 5:12.

GE Wòch.

tènite; nenpòt moun ki antre nan pòt la epi ki ^aatache avèk mwèn, li p ap janm tonbe; se sa ki fè, moun m te pale yo pral beni, paske yo pral vini avèk ^cchante lajwa etènèl.

54 Epi se te konsa, Enòk te kriye nan pye Senyè a, li te di: Lè Pitit Gason Lòm nan vini nan kò fizik la, èske tè a ap repoze? M priye w, montre m bagay sa yo.

55 Epi Senyè a te di Enòk: Gade, epi l te gade, li te wè ^aPitit Gason Lòm nan yo te leve sou ^bkwa a, jan lèzòm konn fè a;

56 Epi l te tande yon vwa fò; epi syèl la te vwale; epi tout kreasyon Bondye yo te lamante; epi tè a te ^atris; epi wòch yo te fann; epi sen yo te ^bleve, epi yo te ^ckouwone bò kote ^ddwat Pitit Gason Lòm nan, avèk kouwòn laglwa a;

57 Epi anpil nan ^alespri ki te nan ^bprizon yo te soti, epi yo te kanpe bò kote dwat Bondye; epi rès yo te rezève nan chenn tenèb jistan jijman gwo jou a.

58 Epi ankò Enòk te gen dlo nan je l epi l te kriye nan pye Senyè a, li te di konsa: Ki lè tè a pral repoze?

59 Epi Enòk te wè Pitit Gason Lòm nan monte sou kote Papa a; epi l te rele Senyè a, li te di:

Èske w p ap retounen sou tè a ankò? Paske, otan ou se Bondye, epi m konnen ou, epi w te sèman te ban mwèn, epi ou te kòmande m pou m mande nan non Sèl Pitit Literal ou a; ou te fè m, epi ou te ban mwèn yon dwa nan twòn ou an, pa poutèt mwèn menm, men, pa mwanyen lagras pa w; Se sa ki fè, m mande w èske ou p ap retounen ankò sou tè a.

60 Epi Senyè a te di Enòk: Menm jan m vivan an, se konsa tou m ap vini nan ^adènye jou yo, nan jou mechanste yo ak vanjans la, pou m akonpli alyans m te fè avèk ou a konsènan pitit Noye yo;

61 Epi jou a pral rive pou tè a ^arepoze, men, anvan jou sa a syèl la pral ^bnwasi, epi yon ^cvwal tenèb pral kouvri tè a; epi syèl la pral tranble, ak tè a tou; epi pral gen gwo tribilasyon pami nan pitit lèzòm, men m pral ^dprezève pèp mwèn an;

62 Epi m pral voye ^alajistis desann soti nan syèl la; epi m pral voye ^bverite a soti nan ^ctè a, pou rann ^dtemwayaj konsènan Sèl Pitit Literal mwèn an; ^erezirèksyon l nan pami mò yo; wi, epi tou rezirèksyon tout moun; epi m pral fè lajistis ak verite bale tè a menm jan delij la te fè a,

53d 2 Ne. 31:19–20.

e GE Mizik.

55a GE Pitit gason lòm nan.

b 3 Ne. 27:14.

GE Krisifiksyon.

56a Mat. 27:45, 50–51.

b GE Rezirèksyon.

c GE Egzaltasyon;

Kouwòn.

d Mat. 25:34.

57a GE Lespri.

b D&A 76:71–74; 88:99.

60a GE Dènye jou yo.

61a GE Tè—Eta final tè a.

b D&A 38:11–12;

112:23.

c GE Vwal.

d 1 Ne. 22:15–22;

2 Ne. 30:10.

62a Sòm 85:11.

GE Retablisman levanjil la.

b GE Liv Mòmmon.

c Eza. 29:4.

d GE Temwayaj.

e GE Rezirèksyon.

pou f^rasanble moun m chwazi yo nan kat kwen tè a, pou ale nan yon plas m pral pare, yon Vil Sen, pou pèp mwen an kapab mare senti yo, epi pou yo rete tann lè m pral vini an; paske se la tabènak mwen an pral ye, epi yo pral rele l Siyon, yon ^snouvo Jerizalèm.

63 Epi Senyè a te di Enòk: Epi lè sa a, ou menm ak tout “vil ou a pral rankontre yo nan kote sa a, epi nou pral resevwa yo nan zantray nou, epi yo pral wè nou; epi nou pral kouri kroke nan kou yo, epi nou pral anbrase yon lèt;

64 Epi se la kay mwen pral ye, epi se pral Siyon, ki pral soti nan pami tout kreyasyon m te fè; epi pou yon “espas mil ane, tè a pral ^brepeze;

65 Epi se te konsa, Enòk te wè jou “aparisyon Pitit Lòm nan, nan dènye jou yo, pou rete sou tè a nan lajistis pandan yon espas mil ane;

66 Men, anvan jou sa a, li te wè gwo tribilasyon nan pami mekan yo; epi tou li te wè lanmè a ki te boulvèse, ak kè lèzòm ki te “sote, yo t ap rete tann ak lakrent pou lè ^bjijman Bondye Toupisan an, ki dwe vini sou mekan yo.

67 Epi Senyè a te montre Enòk tout bagay, menm moun ki jis nan fen mond lan; epi li te wè jou moun ki jis yo, lè

redanmsyon yo a, epi li te resevwa yon “lajwa toutantye;

68 Epi tout jou “Siyon yo nan epòk Enòk la te twasanswasanssenk ane.

69 Epi Enòk ak tout pèp li a te “mache avèk Bondye, epi li te rete nan mitan Siyon; epi se te konsa, Siyon pa t la, paske Bondye te resevwa l nan pwòp zantray pa l; epi depi lè sa a, pawòl la te gaye, SIYON MONTE.

CHAPIT 8 (Fevriye 1831)

Metichèla pwofetize—Noye ak pitit gason l yo preche levanjil la—Gwo mekanste domine—Yo inyore apèl pou repantans lan—Bondye dekrete destriksyon tout kò fizik nan Delij la.

EPI tout jou Enòk yo te katsantrant ane.

2 Epi se te konsa, “Metichèla, pitit gason Enòk la pa t transpòte, pou alyans Senyè a te fè avèk Enòk la kapab akonpli; paske li te fè alyans avèk Enòk an verite pou Noye vin yon fwi ki sòti nan ren l.

3 Epi se te konsa, Metichèla te pwofetize, se nan ren li tout nasyon ki sou tè a pral soti (pa mwayen Noye), epi li te glorifye tèt li.

4 Epi te vin gen yon gwo famin nan peyi a, epi Senyè a te modi tè a ak yon move malediksyon,

62^f GE Izrayèl—
Rasanbleman
Izrayèl la.
g GE Nouvo Jerizalèm.
63^a Apok. 21:9–11;
D&A 45:11–12;
Moyiz 7:19–21.

64^a GE Milenyòm.
b Moyiz 7:48.
65^a Jid 1:14.
GE Dezyèm
Vini Jezikri.
66^a Eza. 13:6–7.
b GE Jijman, Dènye a.

67^a GE Jwa.
68^a Jen. 5:23; Moyiz 8:1.
69^a Jen. 5:24;
Moyiz 6:34.
GE Mache, mache
avèk Bondye.
8 2^a GE Metichèla.

epi anpil nan abitan peyi a te mouri.

5 Epi se te konsa, Metichèla te viv sankatrevensèt ane epi l te fè Lemèk;

6 Epi Metichèla te viv sankatrevende ane apre l te fin fè Lemèk, epi l te fè pitit gason ak pitit fi;

7 Epi tout jou Metichèla yo te nèfsanswasantnèf ane, epi l te mouri.

8 Epi Lemèk te viv sankatrevende ane, epi l te fè yon pitit gason,

9 Epi l te rele non l "Noye, epi l te di: Pitit gason sa a pral rekonfòte nou anba travay nou ak mizè men n ap pase, poutèt tè a Senyè a te ^bmodi a.

10 Epi Lemèk te viv senksankatrevenkenz ane apre l te fin fè Noye, epi l te fè pitit gason ak pitit fi;

11 Epi tout jou Lemèk yo te sètsanswasanndisèt ane, epi l te mouri.

12 Epi Noye te gen katsansenkant ane, epi l te "fè Jafèt; epi karandezan apre sa, li te fè ^bSèm avèk menm moun ki te manman Jafèt la, epi lè l te gen senksan ane li te fè ^cKam.

13 Epi "Noye ak pitit gason l yo

te ^bkoute Senyè a, epi yo te pote atansyon, epi yo te pote non "pitit Bondye.

14 Epi lè moun sa yo te kòmanse miltipliye sou fas tè a, epi yo te fè pitit fi, "pitit lèzòm yo te wè pitit fi sa yo te bèl, epi yo te chwazi pou marye avèk yo.

15 Epi Senyè a te di Noye: Pitit fi pitit gason ou yo "vann tèt yo; paske gade kòlè m limen kont pitit gason lèzòm yo, paske yo pa vle koute vwa m.

16 Epi se te konsa, Noye te pwofetize, epi l te preche pawòl Bondye jan l te ye depi nan kòmansman an.

17 Epi Senyè a te di Noye: Lespri m p ap toujou "lite avèk lòm, paske lòm pral konnen tout ^bkò fizik pral mouri; men li pral viv sanventan; epi si lòm pa repanti, m ap voye ^cdelij la sou yo.

18 Epi nan epòk sa yo te gen "jeyan sou tè a, epi yo chèche Noye pou yo touye l; men, Senyè a te avèk Noye epi ^bpou-vwa Senyè a te sou li.

19 Epi Senyè a te "òdone ^bNoye dapre pwòp ^clòd pa l, epi l te kòmande l pou l ale ^ddeklare piti lèzòm yo Levanjil li a, menm jan Enòk te resevwa l la.

9a GE Noye, patriyach bibliik.

b Moyiz 4:23.

12a Jen. 5:32.
GE Jafèt.

b GE Sèm.

c GE Kam.

13a D&A 138:41.
GE Gabriyèl.

b GE Obeyi,
obeyisan,
obeyisans.

c GE Pitit gason ak

pitit fi Bondye.

14a Moyiz 5:52.

15a GE Maryaj,
marye—Maryaj
kwayans diferan.

17a Jen. 6:3;
2 Ne. 26:11;
Etè 2:15;
D&A 1:33.

b 2 Ne. 9:4.

GE Lachè.
c Jen. 7:4, 10;
Moyiz 7:34.

18a Jen. 6:4;
Nonb 13:33;
Joz. 17:15.

b GE Pouvwva.

19a D&A 107:52.
GE Òdinasyon,
òdone.

b Abr. 1:19.

c GE Prètriz
Mèlkisedèk.

d GE Travay
misyonè.

20 Epi se te konsa, Noye te rele pitit lèzòm pou yo “repanti; men, yo pa t koute pawòl li yo;

21 Epi tou, apre yo te fin tande l, yo te vini devan l epi yo te di: Gade, nou se pitit Bondye; èske nou pa pran pitit fi lèzòm yo pou tèt pa nou? Epi èske nou pa “manje, marye epi fè maryaj? Epi madanm nou yo fè pitit pou nou, epi pitit nou yo se gason vanyan, ki tankou moun ansyen tan yo, gason ki gen gran renome. Epi yo pa t koute pawòl Noye yo.

22 Epi Bondye te wè “mchanste lèzòm vin anpil sou tè a; epi chak moun te leve tèt li nan ^bimajinasyon ak panse kè li, paske yo te move tout tan.

23 Epi se te konsa, Noye te kontinye “predikasyon li a devan pèp li a, li te di: Koute epi fè atansyon ak pawòl mwen yo;

24 “Kwè epi repanti pou peche nou yo epi ^bbatize nan non Jezikri, Pitit Gason Bondye a, menm jan avèk zansèt nou yo, epi n ap resevwa don Sentespri a, pou tout bagay kapab “manifeste devan nou; epi si nou pa fè sa, delij

la ap vin monte sou nou; malgre sa, yo pa t koute.

25 Epi sa te fè Noye repanti, epi kè l te fè l mal paske Senyè a te fè lòm sou tè a, sa te blese kè l.

26 Epi Senyè a te di: M ap “detwi lòm m te fè a, sou fas tè a, ni lòm ak bèt yo, ak bagay ki ranpe yo, ak volay yo ki anlè a; paske sa te fè Noye repanti paske m te kreye yo, epi m te fè yo; epi li te priye m; paske yo te chèche touye l.

27 Epi se konsa Noye te jwenn “lagras devan je Senyè a; paske Noye te yon moun ki jis, epi l te ^bpa fè nan jenerasyon li a; epi l te “mache avèk Bondye menm jan twa pitit gason li yo Sèm, Kam, ak Jafèt te fè a.

28 Tè a te “kòwonpi devan Bondye, epi l te ranpli avèk vyolans.

29 Bondye te gade tè a, epi gade, li te kòwonpi, paske tout kò fizik te kòwonpi nati yo sou tè a.

30 Epi Bondye te di Noye: Lafen tout kò fizik vini devan mwen, paske tè a ranpli avèk vyolans, epi gade, m ap “detwi tout kò fizik sou tè a.

20a GE Repantans, repanti.

21a Mat. 24:38–39; M—JS 1:41.

22a Jen. 6:5; Moyiz 7:36–37.

b Mozya 4:30; Alma 12:14.

GE Panse (lide).

23a GE Preche.

24a GE Kwayans, kwè.

b GE Batèm, batize—

Kalifikasyon pou batèm.

c 2 Ne. 32:2–5.

26a GE Tè—Netwayaj te a.

27a GE Gras.

b Jen. 6:9.

c GE Mache, mache avèk Bondye.

28a Jen. 6:11–13.

30a D&A 56:3.

LIV ABRARAM NAN

TRADIKSYON KI SOTI NAN PAPIRIS
JOSEPH SMITH TE FÈ YO

Tradiksyon ansyen Rejis ki soti nan katakonb an Ejip ki te tonbe nan men nou. Ekriti Abraram pandan l te an Ejip, ki rele Liv Abraram nan, ki te ekri avèk pwòp men pa l sou papiris.

CHAPIT 1

Abraram chèche benediksyon lòd patriyakal la—Fo prèt pèsekite l nan Kalde—Jewova sove l—Revizyon sou orijin ak gouvènman Ejip.

NAN peyi “Kaldeyen yo, nan rezidans papa zansèt mwen yo, mwen menm, ^bAbraram, kote m te wè se te nesesè pou m jwenn yon lòt plas pou ^crezidans;

2 Epi, lè m te vin konnen te gen pi gwo ^abonè ak lapè ak ^brepo pou mwen, m te chèche benediksyon zansèt yo, ak dwa kote m ta dwe resevwa òdinasyon pou administre menm benediksyon sa yo; kòm m te yon disip ^dlajistis, m te vle vin tounen yon moun ki posede gwo ^akonesans, epi pou m vin tounen yon pi gwo disip lajistis, epi pou m vin gen pi gwo konesans, epi pou m vin tounen yon pi gran disip jistis, epi pou m vin gen yon pi gran konesans, epi pou m vin tounen

papa anpil nasyon yo, yon prens lapè, epi paske m te vle resevwa enstriksyon, epi pou m respekte kòmandman Bondye yo, m te vin tounen yon eritye legal, yon ^cGran Prèt, ki te gen ^fdwa zansèt yo te posede yo.

3 Zansèt yo te ^akonfere l sou mwen; li te soti nan men zansèt yo, depi nan kòmansman tan an, wi, nan kòmansman an menm, oubyen anvan fondasyon mond lan, jouk nan tan prezan an, dwa ^bpremyene a menm, oubyen premye moun nan, ki se ^cAdan, oubyen premye papa a, pa mwanyen zansèt yo vin jwenn mwen.

4 M te chèche ^aapèl pa m nan prèttriz la, dapre apèl Bondye te bay zansèt yo konsènan desandan yo.

5 Paske ^azansèt mwen yo te ekate lwen lajistis, ak kòmandman sen Senyè Bondye yo te ba yo, epi yo te ^badore bondye moun payen yo, yo te refize koute vwa m totalman;

6 Paske kè yo te tabli pou yo fè mal, epi yo te detounen totalman

1 1a GE Our.
b GE Abraram.
c Tra. 7:2–4.
2a GE Jwa.
b GE Repo.
c GE Jis, jistis.
d D&A 42:61.

GE Konesans.
e GE Gran prèt.
f GE Prèttriz
Mèlkisedèk.
3a D&A 84:14.
b D&A 68:17.
GE Premye ne,

premyene.
c Moyiz 1:34.
GE Adan.
4a GE Dwadenès.
5a Jen. 12:1.
b GE Idolatri.

YON FAKSIMILE KI SOTI NAN LIV ABRARAM NAN

No. 1



ESPLIKASYON

- Tablo 1. Zanj Senyè a.
Tablo 2. Abraram ki te mare sou yon lotèl.
Tablo 3. Prèt idolat Èlkena a ki t ap eseye ofri Abraram kòm sakrifis.
Tablo 4. Lotèl pou sakrifis prèt Èlkena a, ki te kanpe devan fo bondye Èlkena, Libna, Mamakra, Korach, ak Farawon yo.
Tablo 5. Fo bondye zidòl Èlkena a.
Tablo 6. Fo bondye zidòl Libna a.
Tablo 7. Fo bondye zidòl Mamakra a.
Tablo 8. Fo bondye zidòl Korach la.
Tablo 9. Fo bondye zidòl Farawon an.
Tablo 10. Abraram nan peyi Ejjip.
Tablo 11. Destine pou reprezante kolòn syèl la, jan Ejjipsyen yo te konprann li.
Tablo 12. Rakia, ki siyifi imansite oubyen fimaman sou tèt nou; men, nan ka sa a, nan relasyon avèk sijè sa a, Ejjipsyen yo vle di li siyifi Chama, ki vle di wo oubyen syèl la, pou tradui mo Ebre, Chamayim.

ale jwenn "bondye Èlkena, ak bondye Libna, ak bondye Mamakra, ak bondye Korach, ak Bondye Farawon, ki te wa Ejip la;

7 Se poutèt sa, yo te detounen kè yo nan sakrifis moun payen yo nan ofri pitit yo bay zidòl bèbè sa yo, epi yo pa t koute vwa m, men, yo te chèche pran lavi m pa mwayen prèt Èlkena a. Prèt Èlkena a te prèt Farawon an tou.

8 Kounyeya, nan epòk sa a, se te koutim prèt Farawon an, wa Ejip la, pou l ofri sou lotèl ki te bati nan peyi Kalde a, kòm ofrann bay bondye etranje sa yo, gason, fi, ak timoun.

9 Epi se te konsa, prèt la te bay bondye Farawon an yon ofrann, ak bondye Shagreel la, menm jan Ejipsyen yo te konn fè a. Kounyeya, bondye Shagreel la te solèy la.

10 Prèt Farawon an te menm ofri yon timoun kòm ofrann pou remèsiman bay prèt Farawon an, sou lotèl ki te kanpe pre kolin ki te rele Kolin Potifa a, sou tèt laplèn Olichèm nan.

11 Kounyeya, yon lè, prèt sa a te ofri twa vyèj ki te pitit fi Onita, youn nan desandan wyal yo, ki te sòti dirèkteman nan ren "Kam. Yo te ofri vyèj sa yo poutèt vèti yo; yo pa t vle ^bbese pou yo adore bondye ki fèt avèk bwa oubyen avèk wòch, se poutèt sa yo te touye yo sou lotèl sa a, epi sa te fèt nan fason Ejipsyen yo.

12 Epi se te konsa, prèt yo te fè vyolans sou mwen pou yo te kapab touye m tou, menm jan yo te fè vyèj sa yo sou lotèl sa a; epi pou nou kapab gen konesans konsènan lotèl sa a, m ap refere nou nan reprezantasyon ki nan kòmansman rejis sa a.

13 Epi l te gen menm fòm avèk yon tèt kabann, tankou sa ki te pami Kaldeyen yo, epi l te kanpe pami bondye Èlkena yo, Libna, Mamakra, Korach, ak yon bondye tankou bondye Farawon an, wa Ejip la.

14 Pou nou kapab gen yon lide sou bondye sa yo, m ba nou yon modèl sou tablo ki nan kòmansman an, tablo sa a Kaldeyen yo rele l Ralinòs, ki siyifi yewoglif.

15 Epi lè yo te leve men yo sou mwen, pou yo te kapab ofri m epi pou yo detwi lavi m, gade, m te leve vwa m bay Senyè Bondye m nan, epi Senyè a te "koutè epi l te tandè, epi l te ranpli m avèk vizyon Tou-pisan an, epi zanj ki nan prezans li a te kanpe bò kote m, epi imedyatman li te ^bdemare kòd mwen yo;

16 Epi vwa l te vin jwenn mwen: Abraram, Abraram, gade, non mwen se "Jewova, epi m te tandè w, epi m te desann pou m delivre w, epi pou m wete ou lakay papa ou, ak pami tout fanmi w yo, al nan yon ^bpeyi etranje w pa konnen;

17 Epi se poutèt yo te vire kè yo lwen mwen, pou yo adore

6a svd fo dye yo, jan yo montre yo nan Abr., fak. 1 an.

11a GE Kam.
b Dan. 3:13-18.
15a Mozya 9:17-18.

b Abr. 2:13.
16a GE Jewova.
b GE Tè pwomiz.

bondye Èlkena, ak bondye Libna, ak bondye Mamakra, ak bondye Korach, ak bondye Farawon an, ki se wa Ejip la; se poutèt sa, m desann pou vizite yo, epi pou m detwi moun ki te leve men l kont ou yo, Abram, pitit gason m nan, pou detwi lavi w la.

18 Gade, m pral dirije w avèk men mwen, epi m ap pran ou, pou m mete non mwen sou ou, "Prètriz papa w la menm, pouwva m pral sou ou.

19 Menm jan sa te ye pou Noye a se konsa l pral pou w tou; men pa mwayen ministè w la moun pral konnen "non mwen sou tè a pou tout tan, paske m se Bondye.

20 Gade, kolin Potifa a te nan peyi "Our la, ki nan Kalde. Epi Senyè a te kraze lotèl Èlkena a, ak bondye yo ki te nan peyi a, epi li te detwi yo totalman, epi l te frape prèt la epi prèt la te mouri; epi te gen anpil lamanstasyon nan kalde, ak nan lakou Farawon an; Farawon sa a ki vle di wa nan san wayal la.

21 Kounyeya, wa Ejip sa a te yon desandan ki soti nan ren "Kam, epi l te fè pati nan san ^bKananeyit yo depi nan nesans li.

22 Se nan desandans sa a tout Ejiptyen yo te soti, epi se konsa san Kananeyit yo te prezève nan peyi a.

23 Se yon fi ki te dekouvri peyi

"Ejip la an premye, ki te pitit fi Kam ak pitit fi Ejiptis, ki siyifi an Kaldeyen, Ejip, ki siyifi yon bagay ki entèdi:

24 Lè fi sa a te dekouvri peyi sa a, li te anba dlo, epi pita li te tabli pitit gason l yo sou li; epi se konsa, depi nan Kam, ras ki te prezève malediksyon an te jayi.

25 Se Farawon ki te tabli premye gouvènman Ejip la, premye pitit gason Ejiptis la, pitit fi Kam nan, epi se te daprè fòm gouvènman Kam, ki te patriyikal.

26 Farawon ki te yon nonm ki jis, li te tabli wayòm li a epi l te jije pèp li a avèk lasajès epi avèk lajistis pandan tout lavi l, li te chèche avèk senserite pou l imite lòd sa a zansèt li yo te tabli nan premye jenerasyon yo, nan epòk premye rèy patriyikal la, menm nan rèy Adan an, epi tou ak Noye, papa l, ki te beni l avèk "benediksyon lasajès la, men, ki te modi l konsènan la Prètriz la.

27 Kounyeya, Farawon te nan liyaj sa a ki fè l pa t gen dwa nan "Prètriz la, malgre Farawon yo te deklare yo te genyen l akoz Noye, pa mwayen Kam, se poutèt sa, yo te egare papa m nan idolatri;

28 Men, m pral fè efò apre sa, pou m trase kwonoloji ki sòti depi nan mwen menm ale jouk nan kòmansman kreyasyon an, paske "rejis yo vin tonbe nan

18a GE Prètriz.
19a Jen. 12:1–3.
20a Jen. 11:28;
Abr. 2:4.
21a Jen. 10:6;
Sòm 78:51;

Moyiz 8:12.
b Moyiz 7:6–8.
GE Kananan,
Kananeyit.
23a GE Ejip.
26a GE Benediksyon, beni.

27a DO 2.
GE Prètriz.
28a Moyiz 6:5.
GE Liv rapèl.

men mwen, epi m genyen yo jouk kounyeya.

29 Kounyeya, apre Bondye te fin frape prèt Èlkena a epi l te mouri, bagay yo te di m konsènan peyi Kalde a, ki te fè konnen ta pral genyen yon famin nan peyi a, te akonpli.

30 Konsa menm, yon famin te pran pye nan tout peyi Kalde a, epi papa m te toumante anpil poutèt famin nan, epi l te repanti nan mal li te detèmine kont mwen pou l te detwi “lavi m nan.

31 Men, rejis zansèt mwen yo, sa vle di rejis patriyach yo, konsènan dwa la Prètriz la, Senyè Bondye m nan te prezève l nan pwòp men pa m; se poutèt sa, jouk jodi a, m kenbe yon konsènan konsènan kòmansman kreyasyon an, ak kreyasyon “planèt yo, ak kreyasyon zetwal yo, jan Bondye te fè zansèt yo konnen yo, epi m ap degaje m pou m ekri kèk nan bagay sa yo sou rejis sa a, pou benefis pitit pitit mwen ki pral vini apre m.

CHAPIT 2

Abraram kite Our pou l ale nan Kanaran—Jewova parèt devan l nan Aran—Li resewa pwomès tout benediksyon levanjil la pou desandan l yo epi pou tout moun pa mwayen desandan l yo—L ale nan Kanaran epi l kontinye pou Ejipt.

KOUNYEYA, Senyè Bondye a tèlman lakòz famin nan devlope rèd nan peyi Our la, ^aAran, frè m nan te mouri; men, ^bTerak, papa m, te toujou viv nan peyi Our la, ki nan kalde.

2 Epi se te konsa, mwen menm Abraram, m te marye avèk ^aSarai, epi ^bNahor, frè m nan te marye avèk Milka, ki te pitit fi Aran.

3 Kounyeya, Senyè a te “di m: Abraram, wete kò ou nan peyi w la, ak nan pami fanmi w, ak lakay papa w, pou w ale nan peyi m pral montre w la.

4 Se poutèt sa, m te kite peyi “Our ki nan Kalde a, pou m ale nan peyi Kanaran an; Epi m te pran Lo, pitit gason frè m nan mennen avèk mwen, ak madanm li, ak Sarai, madanm mwen; epi tou ^bpapa m te vini apre m nan peyi nou te rele Aran an.

5 Epi famin nan te bese; epi papa m te rete nan Aran epi l te abite la, kòm te gen anpil twoupo bèt nan Aran; epi papa m te retounen ankò nan “idolatri li a, se poutèt sa li te kontinye nan Aran.

6 Men, mwen menm, Abraram, ak “Lo, pitit gason frè m nan, nou te priye Senyè a, epi Senyè a te ^bparèt devan m, epi l te di m konsa: Leve, epi pran Lo avèk ou; paske m gen entensyon wete w nan Aran, pou m fè w yon sèvitè pou pote ‘non

30a Abr. 1:7.

31a Abr. 3:1–18.

2 1a Jen. 11:28.

b Jen. 11:24–26;

1 Kwo. 1:26.

2a Jen. 11:29.

GE Sara.

b Jen. 11:27; 22:20–24.

3a Jen. 12:1; Tra. 7:1–3.

4a Ney. 9:7.

b Jen. 11:31–32.

5a Joz. 24:2.

6a GE Lo.

b Jen. 17:1.

GE Jezikri—Egzistans Premòtèl Kris la.

c Jen. 12:2–3;

Abr. 1:19.

mwen nan yon ^apeyi etranje m pral bay desandan ou yo apre w kòm yon eritaj etènèl, lè yo koute vwa m.

7 Paské m se Senyè Bondye w la; M rete nan syèl la; tè a se ^amachpye m; m lonje men m sou lanmè a, epi l obeyi vwa m; m fè van ak dife tounen ^bcharyo m; m di mòn yo—Soti la—epi gade, toubiyon an pote y ale, nan yon moman san rete.

8 Non mwen se ^aJewova, epi m ^bkonnen lafen depi nan kòmansman; se poutèt sa, men mwen pral sou ou.

9 Epi m pral fè w tounen yon gran nasyon, epi m pral ^abeni w san mezire, epi m pral fè non ou gran pami tout nasyon, epi w pral yon benediksyon pou desandan ou yo apre w, pou yo pote nan men yo ministè sa a ak la ^bPrètriz sa a bay tout nasyon yo;

10 Epi m pral beni yo pa mwayen non ou; paské tout moun ki resevwa ^aLevanjil sa a pral pote non ou, epi yo pral konte kòm ^bdesandan ou, epi yo pral leve pou yo beni w kòm ^cpapa yo;

11 Epi m ap beni moun ki ^abeni w, epi m ap modi moun ki modi w; epi nan ou menm (ki

vle di nan la Prètriz ou a), epi nan ^bdesandan pa w paske m ba w yon pwomès pou ^cdwa sa a kontinye nan ou, ak nan desandan ou yo apre w (ki vle di, pa mwayen desandan literal ou yo oubyen desandan ki soti nan kò ou yo) tout fanmi sou tè a ap beni, avèk benediksyon Levanjil yo menm, ki se benediksyon sali, sa vle di benediksyon lavi etènèl la.

12 Kounyeya, apre Senyè a te fin pale avèk mwen, epi l te wete fas li bò kote m, mwen te di nan kè m: sèvitè w la te ^achèche ou avèk senserite; kounyeya, m jwenn ou;

13 Ou te voye zanj ou pou ^adelivre m anba bondye Èlkena yo, epi m ap fè byen pou m koute vwa w, se poutèt sa, se pou sèvitè w la leve pou l ale avèk lapè.

14 Konsa, mwen menm Abraram, m te pati jan Senyè a te di m nan, epi Lo te avèk mwen; epi mwen menm Abraram, m te gen ^aswasanndezan lè m te pati kite Aran.

15 Epi m te pran ^aSarayi m te marye avèk li lè m te nan ^bOur, nan Kalde a, ak Lo, pitit gason frè m nan, ak tout pwovizyon nou te rasanble yo, ak nanm

6d Jen. 13:14-15; 17:8;

Egz. 33:1.

GE Tè pwomiz.

7a 1 Ne. 17:39;

D&A 38:17.

b Eza. 66:15-16.

8a GE Jewova.

b GE Omnisyan.

9a 1 Ne. 17:40;

2 Ne. 29:14;

3 Ne. 20:27;

Mòm. 5:20.

GE Abraram—

Desandan

Abraram yo.

b D&A 84:17-19;

Moyiz 6:7.

GE Prètriz

Mèlkisedèk.

10a Gal. 3:7-9.

b Jen. 13:16;

Gal. 3:29;

2 Ne. 30:2.

c GE Patriyach,

patriyakal.

11a GE Alyans

Abraram.

b Eza. 61:9.

c GE Dwadenès;

Izrayèl;

Prètriz.

12a D&A 88:63.

13a Abr. 1:15-17.

14a Jen. 12:4-5.

15a GE Sara.

b GE Our.

nou te ‘genyen nan Aran yo, epi nou te vini nan chemen pou ale nan peyi ^aKanaran an, epi nou te rete anba tonèl pandan nou te sou wout la;

16 Se poutèt sa, letènite te pwoteksyon nou, ak ^awòch nou ak sali nou, pandan nou t ap vwayaje soti Aran, sou wout Jèchon an pou ale nan peyi Kanaran.

17 Kounyeya, mwenmenm Abraram, m te bati yon ^alotèl nan peyi Jèchon an, epi m te fè yon ofrann bay Senyè a, epi m te priye pou ^bfamin nan te detounen soti sou kay papa m pou yo te kapab pa peri.

18 Epi nou te pase sòti nan Jèchon pa mwayen peyi Sechèm nan; li te tablè nan laplèn More yo, epi nou te deja rive sou fwontyè peyi ^aKananeyit yo, epi m te ofri ^bsakrifis kote sa a nan laplèn More yo, epi m te priye Senyè a avèk devosyon, paske nou te deja rive nan peyi nasyon idolat sa a.

19 Epi Senyè a te parèt devan m kòm repons pou priyè m, epi l te di m: m ap bay desandan ou yo ^apeyi sa a.

20 Epi mwen menm Abraram, m te leve sòti nan plas lotèl m te bati pou Senyè a, epi m te deplase ale sou yon mòn ki nan kote lès ^aBetèl, epi m te plante tant mwen nan kote sa a, Betèl te nan lwès, epi ^bAyi te nan lès; epi se la m te bati yon lotèl pou

Senyè a, epi m te ^cpriye nan non Senyè a ankò.

21 Epi mwen menm Abraram, m te vwayaje, m te kontinye jouk nan sid; epi te kontinye gen grangou nan peyi a; epi mwen menm Abraram, m te pran desizyon pou m ale nan peyi Ejipt, pou m rete kote sa a, paske grangou nan te vin grav anpil.

22 Epi se te konsa, lè m te rive tou pre pou m te antre nan peyi Ejipt, Senyè a te di m: Gade, ^aSarayi, madanm ou se yon bèl fi;

23 Se poutèt sa, se pral konsa, lè Ejiptyen yo wè l, yo pral di—Se madanm li; epi y ap touye w, men, y ap sove lavi madanm ou; se poutèt sa, men sa pou ou fè:

24 Kite l di Ejiptyen yo li se sè w, epi nanm w ap viv.

25 Epi se te konsa, mwen menm Abraram, m te di Sarayi, madanm mwen, tout sa Senyè a te di m—Se poutèt sa, di yo konsa, tanpri, ou se sè m, pou sa kapab byen pou mwen, epi nanm mwen ap viv akoz ou.

CHAPIT 3

Abraram aprann konsènan solèy la, lalin nan, ak zetwal yo pa mwayen Ourim ak Toumim nan—Senyè a revele l nati etènèl lespri yo—Li aprann konsènan lavi anvan tè a, preddinasyon, Kreyasyon an, Chwa yon Redanmtè, ak dezyèm eta lòm nan.

15c GE Konvèsyon, konvèti.

d GE Kanaran, Kananeyit.

16a GE Wòch.

17a GE Otèl.

b Abr. 1:29.

18a Jen. 12:6.

b GE Sakrifis.

19a Jen. 13:12–15; 17:8;

Egz. 3:1–10;

Nonb 34:2.

GE Tè pwomiz.

20a GE Betèl.

b Jen. 13:3–4.

c Jen. 12:8.

22a Jen. 12:11–13.

Epi mwen menm Abraram, m te gen "Ourim ak Toumim Senyè Bondye a m nan te ban mwen lè m te nan Our nan Kalde a;

2 Epi m te wè "zetwal yo te gwo anpil, epi youn ladan yo te pi pre twòn Bondye a; epi te gen anpil ki te gwo ki te pre l;

3 Epi Senyè a te di m: Sa yo se sa k ap gouvène yo; epi non sa a ki gwo a se "Kolòb, paske li pi pre m, paske m se Senyè Bondye w la: M te tabli sa pou gouvène tout sa yo ki fè pati nan menm lòd la tankou sa w kanpe sou li a.

4 Epi Senyè a te di m pa mwayen Ourim ak Toumim nan, Kolòb te tabli dapre modèl pa Senyè a, dapre tan l ak sezon l yo, nan revolisyon l yo; yon revolisyon se yon "jou pou Senyè a, dapre jan Senyè a konte, epi l se mil ^bane dapre lè ki te tabli pou sa kote w kanpe a. Se jan Senyè a konte tan, dapre jan Kolòb mezire.

5 Epi Senyè a te di m: Planèt ki gen pi piti limyè a, pi piti pase sa ki dwe gouvène jou a, sa vle di sa a pou aswè a menm, li sipiryè oubyen pi gwo pase sa w kanpe sou li a nan mezire tan, paske li mache pi dousman; li nan lòd paske li plase anwo tè a kote w kanpe a, se poutèt sa, jan l mezire tan pa anpil menm jan tankou kantite jou, ak mwa, ak ane.

6 Epi Senyè a te di m: Kou-

nyeya, Abraram, "de reyalite sa yo egziste, gade, ou wè l avèk je pa w; m ba w dwa pou w konnen kòman pou w idantifye tan, wi, tan ki tabli pou tè a kote w kanpe a, ak tan pi gwo limyè ki tabli pou gouvène jou a, ak tan pi piti limyè ki tabli pou dirije nuit la.

7 Kounyeya, tan ki tabli pou pi piti limyè a pi long pase tan ki tabli pou tè a kote w kanpe a.

8 Epi kote de reyalite sa yo egziste, pral gen yon lòt reyalite sou tèt yo, ki vle di, pral gen yon lòt planèt ki mezire tan pi long ankò;

9 Epi se konsa pral gen planèt ki mezire tan plis pase lòt, jistan ou vini pre Kolòb, Kolòb sa a ki mezire tan dapre kalkil Senyè a; Kolòb sa a ki tabli pre twòn Bondye a, pou gouvène tout planèt ki fè pati nan menm "lòd avèk sa w kanpe sou li a.

10 Epi m kite w konnen tan ki tabli pou tout zetwal yo ki plase pou bay limyè, jistan ou vini pre twòn Bondye a.

11 Se konsa, mwen menm Abraram, m te "pale avèk Senyè a fasafas, menm jan yon nonm pale avèk yon lòt; epi l te pale m konsènan travay li te fè ak men l yo;

12 Epi l te di m: Pitit gason m nan, pitit gason m nan (epi ponyèt li yo te lonje), gade, m pral montre w tout bagay sa yo. Epi l te mete men l sou je m, epi

3 1a Egz. 28:30;
Mozya 8:13;
28:13-16;
I—JS 1:35.
GE Ourim ak
Toumim.

2a Abr. 1:31.
3a Gade nan Abr.,
fak. 2, figi 1-5.
GE Kolòb.
4a Abr. 5:13.
b Sòm 90:4;

2 Pyè 3:8.
6a Abr. 3:16-19.
9a D&A 88:37-44.
11a Jen. 17:1;
Nonb 12:5-8.

m te wè bagay sa yo men l te fè yo, ki te anpil; epi yo te miltipliye devan je m, epi m pa t kapab wè finisman yo.

13 Epi l te di m: Sa se Chinaea, ki se solèy la. Epi l te di m: Kòkòb, ki se zetwal. Epi l te di m: Olea, ki se lalin nan. Epi l te di m: Kokabim, ki vle di zetwal yo, oubyen tout gwo limyè yo ki nan fimaman syèl la.

14 Epi l te aswè lè Senyè a te pale m pawòl sa yo: m pral “miltipliye w, ak ^bdesandan ou yo apre w, tankou sa yo; epi si w kapab konte sab, se konsa ^akan-tite desandan ou yo pral ye.

15 Epi Senyè a te di m: Abraram, m montre w bagay sa yo anvan ou ale nan peyi Ejip, pou w kapab deklare tout pawòl sa yo.

16 Si de bagay egziste epi gen youn ki sou tèt lòt la, pral gen bagay ki pi gwo sou tèt yo; se poutèt sa, “Kolòb pi gwo pase tout lòt Kokabim ou te wè yo, paske li pi pre m.

17 Kounyeya, si gen de bagay, yonn anlè lòt, epi lalin nan anlè tè a, konsa, yon planèt oubyen yon zetwal kapab egziste anlè l; epi pa gen anyen Senyè bondye w la gen nan kè l pou l fè, pou l pa ta “fè l.

18 Tankou jan l fè pi gwo zetwal la; menm jan sa a tou, si gen de lespri, epi youn pi entè-

lijan pase lòt la, epi malgre gen yon nan de lespri sa yo ki pi entèlijan pase lòt la, yo pa gen kòmansman; yo te egziste anvan, yo p ap etènèl, yo pral egziste apre, paske yo “Olam, oubyen etènèl.

19 Epi Senyè a te di: De reyelite sa yo egziste, ki fè konnen gen de lespri, epi youn pi entèlijan pase lòt la; pral gen yon lòt ki pi entèlijan pase yo; m se Senyè Bondye w la, m “pi entèlijan pase yo tout.

20 Senyè Bondye w la te voye zanj li pou “delivre w anba men prèt Èlkena a.

21 M rete nan mitan yo tout; se poutèt sa, kounyeya m desann kote w pou m deklare w “travay yo mwen te fè ak menm yo, kote ^blasajès mwen depase yo tout, paske m gouvène anwo nan syèl la, ak anba sou tè a avèk anpil pridans ak lasajès, sou tout entèlijans je w te wè depi nan kòmansman yo; m te desann nan kòmansman pami tout entèlijans ou te wè yo.

22 Kounyeya, Senyè a te montre mwen menm, Abraram, “entèlijans ki te òganize yo ^banvan mond lan te egziste; epi pami yo te gen anpil moun ki te ‘nòb ak moun ki te gran;

23 Epi Bondye te wè nanm sa yo te bon, epi l te kanpe nan mitan yo, epi l te di: Se moun sa yo


14a Abr. 2:9.
b Jen. 13:16;
D&A 132:30.
c Jen. 22:17;
Oze 1:10.
16a Abr. 3:3.
17a Jòb 9:4–12.
18a Olam se youn

tradiksyon literal
yon mo Ebre ki
vle di etènèl.
19a Eza. 55:8–9.
GE Omnisyan.
20a Abr. 1:15.
21a D&A 88:45–47;
Moyiz 1:27–29.

b GE Sajès.
22a GE Entèlijans,
entèlijans yo.
b GE Konsèy nan syèl;
Lavi premòtèl.
c D&A 138:55.

YON FAKSIMILE KI SOTI NAN LIV ABRARAM NAN

No. 2



ESPLIKASYON

Tablo 1. Kolòb, ki vle di premye kreyasyon an, pi pre wayòm selès la, oubyen rezidans Bondye a. Premye nan gouvènman, dènye nan zafè mezire tan. Mezi dapre tan selès la, tan selès sa a ki siyifi yon jou pou yon kibit. Yon jou nan Kolòb egal avèk mil ane dapre mezi sou tè sa a, tè sa a Ejiptyen yo rele Ja-oh-eh a.

Tablo 2. Ki kanpe bò kote Kolòb, Ejiptyen yo rele l Oliblich, ki se dezyèm gran kreyasyon k ap gouvène apre wayòm selès la oubyen plas kote Bondye rezide a; li gen kle pouvwa a tou konsènan lòt planèt yo; jan Bondye te ofri Abraram li a, pandan l t ap ofri sakrifis sou yon lotèl li te bati pou Senyè a.

Tablo 3. Te fèt pou reprezante Bondye, ki chita sou twòn li, ki abiye avèk pouvwa epi avèk otorite; avèk yon kouwòn limyè etènèl sou tèt li; ki reprezante gwo mo kle Prètriz Sen an tou, jan yo te revele l bay Adan nan Jaden Edenn an, menm jan avèk Sèt ak Noye, Mèlkisedèk, Abraram, ak tout lòt moun yo te revele la Prètriz la.

Tablo 4. Tradiksyon pou mo Ebre Rakia, ki siyifi imansite oubyen fimaman syèl la; li se yon chif pou konte tou, ki siyifi mil an Ejiptyen, ki esplike tan nan Oliblich, ki egal avèk Kolòb nan revolisyon l ak nan mezi tan li.

Tablo 5. An Ejiptyen, li rele Ènich-go-on-dòch; se youn nan planèt k ap gouvène yo tou, epi Ejiptyen yo di li se solèy la, epi ki prete limyè l nan men Kolòb pa mwanyen Kae-e-vanrash, ki se gwo Kle a, oubyen, otreman di, pouvwa k ap gouvène a, ki gouvène kenz lòt planèt fiks oubyen zetwal, menm jan l gouvène Floyis oubyen Lalin nan, tè a ak Solèy la nan mouvman anyèl yo. Planèt sa a resevwa pouvwa l palantremiz Kli-flos-is-es, oubyen Akokabim, se chif 22 ak 23 ki reprezante zetwal yo, ki resevwa limyè nan mouvman Kolòb.

Tablo 6. Reprezante tè sa a nan kat kwen li yo.

Tablo 7. Reprezante Bondye ki chita sou twòn li, k ap revele nan syèl la, gwo mo Kle la Prètriz la; ak siy Sentespri a bay Abraram sou fòm yon toutrèl.

Tablo 8. Gen ekriti ki pa kapab revele devan mond lan, men ki dwe revele nan Tanp Sen Bondye a.

Tablo 9. Pa dwe revele pou kounyeya.

Tablo 10. Menm jan an tou.

Tablo 11. Menm jan an tou. Si mond lan kapab dekouvri chif sa yo, ya fè sa. Amèn.

Tablo 12, 13, 14, 15, 16, 17, 18, 19, 20, ak 21 pral devwale nan pwòp tan pa Senyè a.

Nou bay tradiksyon sa a otan nou gen dwa pou nou bay li pou kounyeya.

m ap fè dirijan m yo; paske, li te kanpe nan pami sa ki te les-pri yo, epi l te wè yo bon; epi l te di m: Abraram, ou se youn nan pami yo; ou te ^achwazi anvan ou te fèt.

24 Epi te gen ^ayoun nan pami yo ki te tankou Bondye, epi l te di sa ki te avèk li yo: n ap desann, paske gen espas anba a, epi nou pral pran nan materyo sa yo, epi nou ^bpral fè yon ^ctè pou sila yo abite;

25 Epi nou pral pase anba ^aeprèw yo sou li, pou nou wè si yo pral ^bfè tout bagay Senyè Bondye yo a pral kòmande yo:

26 Epi sa ki kenbe ^apremye eta yo a, m ap ajoute sou yo; epi sa ki pa kenbe premye eta yo a, yo p ap gen laglwa nan menm wayòm avèk sa ki kenbe premye eta yo a; epi sa ki kenbe ^bdezyèm eta yo a, yo pral gen ^claglwa ki ajoute sou tèt yo pou tout tan gen tan.

27 Epi ^aSenyè a te di: Kiyès m ap voye? Epi youn, ^bPitit Gason Lòm nan te reponn: Men mwèn, voye m. Epi youn ^clòt te reponn epi l te di: Men mwèn, voye m. Epi Senyè a te di: M ap voye premye a.

28 Epi ^adezyèm nan te fache, epi l pa t kenbe premye eta li a; epi jou sa a, ^banpil te suiv li.

CHAPIT 4

Bondye yo planifye kreyasyon tè a ak tout vi ki sou li—Plan yo pou kreyasyon sis jou a tabli.

Epi apre sa, Senyè a te di: An nou desann. Epi yo te desann nan ^akòmansman an, epi yo, ki vle di Bondye yo, te ^bòganize epi yo te fòme syèl yo ak tè a.

2 Epi tè a, apre l te fin fòme, li te vid epi l te dezole, paske yo pa t fòme okenn bagay eksepte tè a; epi tenèb te gaye sou fas la ale jouk nan fon, epi les-pri Bondye yo t ap ^adeplase sou fas dlo yo.

3 Epi yo (Bondye yo) te di: Se pou gen limyè; epi te gen limyè.

4 Epi yo (Bondye yo) te konprann limyè a, paske l te fè klè; epi yo te separe limyè a, oubyen yo te fè li separe ak tenèb la.

5 Epi Bondye yo te rele limyè a Jou, epi yo te rele tenèb la Nuit. Epi se te konsa, depi nan apre midi jouk nan maten, yo te rele l nuit; epi depi nan maten jouk nan apre midi, yo te rele l jou; epi se te premye, oubyen kòmansman bagay yo te rele jou ak nuit la.

6 Epi tou Bondye yo te di: Se pou gen yon gwo ^aespas nan mitan dlo yo, epi gwo espas la pral divize dlo yo avèk dlo a.

23a Eza. 49:1-5;

Jer. 1:5.

GE Chwazi (vèb);
Preddinasyon.

24a GE Premye ne,
premyene.

b GE Kreyasyon, kreye.

c GE Tè—Te kreye
pou lèzòm.

25a D&A 98:12-14;
124:55.

GE Lib abit;

Plan redanmsyon.

b GE Obeyi, obeyisan,
obeyisans.

26a Jid 1:6.

b GE Mòtalite, mòtèl.

c Tit 1:2.

GE Glwa.

27a GE Bondye, Divinite—
Bondye Papa a.

b GE Jezikri;

Pitit gason lòm nan.

c Moyiz 4:1-2.

28a GE Dyab.

b GE Pitit pèdisyon yo.

4 1a Jen. 1:1;

Moyiz 2:1.

b GE Kreyasyon, kreye.

2a Jen. 1:2;

Moyiz 2:2.

6a Jen. 1:4-6;

Moyiz 2:4.

7 Epi Bondye yo te òdone gwo espas la, pou gwo espas la divize dlo yo ki anba gwo espas la avèk dlo yo ki anlè gwo espas la; epi sa te fèt jan yo te òdone a.

8 Epi Bondye yo te rele gwo espas la "Syèl. Epi se te konsa, se te depi nan apre midi jouk nan maten yo te rele yon jou; epi se te dezyèm^b tan an se te yon nuit ak yon jou.

9 Epi Bondye yo te òdone, yo te di: Se pou "dlo yo ki anba syèl la rasanble ansanm nan^b yon sèl plas, epi se pou tè a vin monte sèch; epi sa te fèt jan yo te òdone a;

10 Epi Bondye yo te rele tè sèch yo tè; epi yo te rele rasanbleman dlo yo, "Gran Dlo; epi Bondye yo te wè yo te obeyi yo.

11 Epi Bondye yo te di: An nou pare tè a pou pwodwi "zèb; pou plant yo bay semans; pou pye fwi yo bay fwi dapre espès yo, pou semans ki andedan l yo pwodwi parèy pa l sou tè a; epi sa te fèt, menm jan yo te òdone a.

12 Epi Bondye yo te òganize tè a pou pwodwi zèb ki soti nan pwòp semans tè a, epi pou plant yo pwodwi plant ki soti nan pwòp semans pa yo, pou yo pwodwi semans dapre espès pa yo; epi pou tè a pwodwi pyebwa ki soti nan pwòp semans pa l, ki bay fwi, fwi ki gen semans ki kapab sèlman pwodwi menm bagay la pou tè pa l, dapre espès

pa l; epi Bondye yo te wè yo te obeyi yo.

13 Epi se te konsa, yo te konte jou yo; depi nan apre midi jouk nan maten yo te rele l yon nuit; epi se te konsa, yo te rele depi nan maten jouk nan apre midi a yon jou; epi se te twazyèm tan an.

14 Epi Bondye yo te òganize "limyè yo nan gwo espas syèl la, epi Bondye yo te fè limyè yo separe jou a avèk nuit la; epi yo te òganize yo an siy ak sezon, an jou ak ane;

15 Epi yo te òganize yo an limyè nan gwo espas syèl la pou yo bay tè a limyè; epi sa te fèt.

16 Epi Bondye yo te òganize de gwo limyè yo, pi "gwo limyè a pou gouvènè jou a, epi pi piti limyè a pou gouvènè nuit la; avèk pi piti limyè a yo te tabli zetwal yo tou;

17 Epi Bondye yo te tabli yo nan gwo espas syèl yo, pou bay tè a limyè, epi pou gouvènè sou jou a ak sou nuit la, epi pou fè separe limyè a ak tenèb la.

18 Epi Bondye yo te siveye bagay yo te òdone yo jistan bagay yo te obeyi.

19 Epi se te konsa, se te depi nan apre midi jouk nan maten ki te fè yon nuit; epi se te konsa, se te depi nan maten jouk nan apre midi ki te yon jou; epi se te katriyèm tan an.

20 Epi Bondye yo te di: An nou pare dlo yo pou pwodui an abondans kreyati k ap deplase ki

8a GE Syèl.

b Jen. 1:8.

9a Amòs 9:6;

Moyiz 2:7.

b Jen. 1:9.

10a Jen. 1:10;

Abr. 4:22.

11a Jen. 1:11-12;

Moyiz 2:11-12.

14a D&A 88:7-11.

16a Jen. 1:16.

gen lavi; ak volay yo, pou yo kapab vole anlè tè a nan gwo espas ouvè ki nan syèl la.

21 Epi Bondye yo te pare dlo yo pou yo kapab pwodui gwo "balèn, ak chak kreyati vivan k ap deplase, chak kreyati dlo yo te dwe pwodui an abondans daprè espès pa yo; epi chak volay ki gen zèl daprè pwòp espès pa yo. Epi Bondye yo te wè bagay sa yo t ap obeyi yo, epi plan an te bon.

22 Epi Bondye yo te di: N ap beni yo, epi n ap fè yo pwodiktif pou yo miltipliye, epi pou yo ranpli dlo yo ki nan lanmè a oubyen "gran dlo yo"; epi yo te fè volay yo miltipliye sou tè a.

23 Epi se te konsa, yo te rele depi nan apre midi jouk nan maten an nuit; epi se te konsa, yo te rele depi nan maten jouk nan apre midi a jou; epi se te senkyèm tan an.

24 Epi "Bondye yo te pare tè a pou pwodwi kreyati vivan daprè espès pa l, zannimo ak bagay k ap ranpe, ak bèt ki sou tè a daprè espès pa yo; epi sa te fèt, jan yo te di a.

25 Epi Bondye yo te òganize tè a pou pwodwi bèt yo daprè espès pa yo, ak zannimo daprè espès pa yo, ak chak bagay ki ranpe sou tè a daprè espès pa yo, epi Bondye yo wè bagay sa yo t ap obeyi yo.

26 Epi Bondye yo te reyini an "konferans, yo di: Annou desann pou nou fòme ^blòm daprè ^cimaj

pa nou, daprè resanblans nou; epi nou pral ba li dominasyon sou pwason yo ki nan lanmè a, ak sou volay yo, ak sou zannimo yo, ak sou tout tè a, ak sou tout bagay ki ranpe sou tè a.

27 Epi konsa, "Bondye yo te desann pou òganize lòm nan pwòp imaj pa yo, pou yo fòme l nan imaj Bondye yo, pou yo fòme yo gason ak fi.

28 Epi Bondye yo te di: Nou pral beni yo. Epi Bondye yo te di: Nou pral fè yo vin pwodiktif pou yo miltipliye, pou yo ranpli tè a, epi pou yo soumèt li, epi pou yo gen dominasyon sou pwason yo ki nan lanmè, ak sou volay yo ki an lè a, ak sou chak bagay vivan k ap deplase sou tè a.

29 Epi Bondye yo te di: Gade, nou pral ba yo chak plant ki gen semans ki pral parèt sou fas tè a, ak chak pyebwa ki gen fwi sou li; wi, nou pral ba yo fwi pyebwa ki pwodwi semans; se pral pou "nouriti yo.

30 Epi pou chak bèt ki sou tè a, ak chak volay ki anlè a, ak chak bagay k ap ranpe sou tè a, nou pral ba yo lavi, epi tou nou pral ba yo chak plant vèt kòm nouriti, epi tout bagay sa yo pral òganize konsa.

31 Epi Bondye yo te di: Nou pral fè tout bagay nou te di yo, epi nou pral òganize yo; epi gade, yo pral obeyisan anpil. Epi se te konsa, se te depi nan apre midi jouk nan maten yo te rele

21a Jen. 1:21;
Moyiz 2:21.
22a Abr. 4:10.
24a GE Bondye,

Divinite.
26a GE Konsèy (non).
^b GE Lèzòm, lòm.
^c Moyiz 6:8-10.

27a Jen. 1:26-27;
Abr. 5:7.
29a Jen. 1:29-30.

YON FAKSIMILE KI SOTI NAN LIV ABRARAM NAN

No. 3



ESPLIKASYON

Tablo 1. Abraram ki chita sou twòn Farawon an, avèk jantiyès wa a, avèk yon kouwòn sou tèt li, ki reprezante la Prètriz la, kòm yon anblèm gwo Prezidans Syèl la; avèk baton lajistis la ak jijman nan men l.

Tablo 2. Wa Farawon, ki gen non l nan karaktè yo ki anlè tèt li a.

Tablo 3. Siyifi Abraram an Ejip tou, menm jan li nan tablo 10 ki nan Faksimile No. 1 an.

Tablo 4. Prens Farawon an, Wa Ejip la, jan sa ekri anlè men l an.

Tablo 5. Choulem, youn nan sèvitè prensipal wa a, jan karaktè ki anlè men l lan reprezante a.

Tablo 6. Olimla, yon esklav prens la.

Abraram ap rezone sou prensip astwonmi yo, nan lakou wa a.

yon nuit; epi se te konsa, se te depi nan maten jouk nan apre midi yo te rele yon jou; epi yo te konte pou "sizyèm tan an.

CHAPIT 5

Bondye yo fini plan Yo te fè pou kreyasyon tout bagay yo—Yo reyalize Kreyasyon an daprè plan Yo a—Adan bay chak kreyati yon non.

Epi se konsa nou pral fini syèl yo ak tè a, ak tout espès ki ladan yo.

2 Epi Bondye yo te di pami yo: nan "setyèm tan an n ap fini travay nou te pwopoze a; epi nou pral repoze nan setyèm tan an anba tout travay nou te pwopoze yo.

3 Epi Bondye yo te fèmen nan setyèm tan an, paske nan setyèm tan an, yo te vle "repoze apre tout travay yo (Bondye yo) te pwopoze pami yo pou yo fòme; epi yo te ^bsanktifye l. Epi se te desizyon yo lè yo te fè konferans sa a nan pami yo pou yo fòme syèl yo ak tè a.

4 Epi Bondye yo te desann pou yo fòme jenerasyon sa yo pou syèl yo ak tè a, nan epòk yo te planifye a, nan epòk Bondye yo te fòme tè a ak syèl yo,

5 Daprè sa yo te di konsènan chak pyebwa ki nan chan yo anvan pyebwa yo te sou tè a, ak chak plant ki te nan chan yo "anvan yo te grandi; paske Bondye yo pa t ko fè lapli tonbe sou tè a lè yo te pwopoze pou yo fè yo a,

epi yo pa t ko fòme yon moun pou kiltive tè a.

6 Men, te gen yon nyaj ki te soti nan tè a ki te monte, ki te wouze tout sifas tè a.

7 Epi "Bondye yo te fòme lòm avèk ^bpousyè tè a, epi yo te pran ^clespri a (ki vle di lespri lòm), epi yo te mete l andedan l; epi yo te soufle souf lavi a nan twou nen l, epi lòm te vin tounen yon ^ananm vivan.

8 Epi Bondye yo te plante yon jaden nan kote lès "Edenn nan, epi se la yo te mete lòm nan, lòm yo te fòme epi yo te mete lespri l andedan l.

9 Epi Bondye yo te fè chak pyebwa pou fè je plezi epi pou nouriti grandi nan tè a; "pyebwa lavi a te nan mitan jaden an tou ak pyebwa konesans byen ak mal la.

10 Te gen yon rivyè ki te soti nan Edenn nan, pou wouze jaden an, epi li te separe depi nan kote sa a epi l te vin fè kat branch.

11 Epi Bondye yo te pran lòm, epi yo te mete l nan Jaden Edenn an pou anbeli l epi pou pran swen l.

12 Epi Bondye yo te kòmande lòm, yo te di: ou kapab manje nan chak fwi ki nan jaden an san pwoblèm.

13 Men, ou pa dwe manje nan pyebwa konesans byen ak mal la; paske jou w manje ladan l, w ap mouri an verite. Kounyeya,

31a Egz. 31:17.

5 2a GE Jou Saba.

3a Egz. 20:8-11;

Mozya 13:16-19.

b D&A 77:12.

5a GE Kreyasyon lespri.

7a Abr. 4:26-31.

b Moyiz 4:25; 6:59.

c Jen. 2:7;

D&A 93:33.

GE Lavi premòtèl;

Lespri.

d GE Nanm.

8a GE Edenn.

9a GE Pyebwa lavi a.

mwen menm Abraram, m te wè sa te fèt dapre ^atan Senyè a, ki te dapre tan ^bKolòb; paske Bondye yo pa t ko bay Adan orè pa l.

14 Epi Bondye yo te di: An nou fè yon konpayon egalego pou lòm, paske se pa byen pou lòm pou kont li, se poutèt sa n ap fòme yon konpayon egalego pou li.

15 Epi Bondye yo te fè yon gwo somèy tonbe sou ^aAdan; li te dòmi epi yo te pran youn nan kòt li yo, epi yo te fèmen kò a ankò;

16 Epi avèk kòt Bondye yo te pran nan lòm nan, yo te fòme yon ^afi, epi yo te mennen l bay lòm nan.

17 Epi Adan te di: Sa se zo ki soti nan zo mwen, ak chè ki soti

nan chè mwen; kounyeya m ap rele l fi, paske li te soti nan lòm;

18 Se poutèt sa, yon nonm dwe kite papa l ak manman l pou l ^aatache avèk madanm li, epi y ap vin tounen ^byon sèl kò.

19 Epi yo tou lède te toutouni, gason an ak madanm li, epi yo pa t wont.

20 Epi avèk tè a Bondye yo te fòme chak bèt ki nan jaden yo, ak chak volay ki anlè a, epi yo te pote yo bay Adan pou wè kòman Adan t ap rele yo; epi nenpòt jan Adan t ap rele chak kreyati vivan, se t ap non yo.

21 Epi Adan te bay tout zannimo yo non, volay yo ki anlè a, chak bèt ki nan chan yo; epi pou Adan, te gen yon konpayon egalego.

13a 2 Pyè 3:8.
b Abr. 3:2–4.
GE Kolòb.

15a GE Adan.
16a GE Èv.
18a D&A 42:22; 49:15–16.

b GE Maryaj, marye.

MATYE—JOSEPH SMITH

Yon ekstrè ki soti nan tradiksyon Bib la jan Joseph Smith, Pwofèt la te resevwa revelasyon an 1831: Matye 23:39 ak chapit 24.

Jezi predi destriksyon Jerizalèm ki dwe fèt—Li pale tou konsènan Dezyèm Aparisyon Pitit Gason Lòm nan, ak destriksyon mechan yo.

PASKE, m di nou, nou p ap wè m ni tou nou p ap konnen m se moun pwofèt yo t ap pale a jistan nou di: Moun sa ki “vini nan non Senyè a, ki soti nan nyaj syèl la, ak tout zanj ki sen yo avèk li. Lè sa a disip li yo te konprann li te gen pou l vini ankò sou tè a, apre l te fin glorifye epi kouwone bò kote dwat ^bBondye.

2 Epi Jezi te soti, epi l te rantrè nan tanp la; epi disip li yo te vini kote l pou yo te tandè l epi yo te di: Mèt, pale nou konsènan konstriksyon tanp la, jan ou te di ya—Yo pral chavire epi yo pral kite ou dezole.

3 Epi Jezi te di yo: Èske nou pa wè tout bagay sa yo, epi èske nou pa konprann yo? An verite m di nou konsa, pa gen yon sèl “wòch sou tè yo lòt ki pa pral chavire tonbe nan tanp sa a.

4 Epi Jezi te kite yo epi l te monte sou ^aMòn Olivye a. Epi pandan l te chita sou Mòn Olivye a, disip yo te vini kote l an

prive, yo te di: Di nou ki lè bagay ou te pale yo konsènan destriksyon tanp la, ak Juif yo pral rive; epi kisa ki ^bsiy ^caparisyon ou nan, ak ^dfinisman mond lan, oubyen destriksyon ^emechan yo, ki se lafen mond lan?

5 Epi Jezi te reponn, epi l te di yo: Pran prekosyon pou pèsonn pa twonpe nou;

6 Paske anpil moun pral vini nan non mwen, yo pral di—M se Kris la—epi yo pral twonpe anpil moun;

7 Epi yo pral livre nou pou nou ^aaflije, epi yo pral touye nou, epi tout nasyon pral ^brayi nou poutèt non mwen;

8 Epi lè sa a, anpil moun pral ofanse, epi yo pral trayi youn lòt, epi yo pral rayi youn lòt;

9 Epi anpil fo pwofèt pral leve, epi yo pral twonpe anpil moun;

10 Epi poutèt inikite pral fè mikalaw, ^alanmou anpil moun pral refwadi;

11 Men, yon moun ki rete tennfas fidèl epi ki pa kite yo gen viktwa sou li, l ap sove.

12 Se sa ki fè, lè nou wè ^aabominasyon dezolasyon ^bDanyèl, pwofèt la te pale konsènan

1 ^{1a} Mat. 26:64;

Tra. 1:11.

^b GE Bondye, Divinite.

3 ^a Lik 19:44.

4 ^a GE Mòn Olivye a.

^b Lik 21:7–36;

D&A 45:16–75.

GE Dènye jou yo;

Siy tan yo.

^c GE Dezyèm

Vini Jezikri.

^d GE Mond—Finisman mond lan.

^e Mal. 4:1;

D&A 133:64–74.

GE Mechan,

mechanste.

7 ^a 1 Pyè 4:12–14.

^b GE Pèsekisyon, pèsekite.

10 ^a D&A 45:27.

12 ^a Dan. 12:11.

^b GE Danyèl.

destriksyon ^cJerizalèm nan, lè sa a nou pral kanpe nan plas ki ^dsen an; yon moun ki li, se pou l konprann.

13 Lè sa a, se pou moun ki nan Jideya yo kouri ale sou ^amòn yo;

14 Se pou moun ki sou tèt kay la kouri, epi pou l pa retounen ale pran anyen lakay li;

15 Ni tou moun ki nan jaden an pa dwe retounen ale pran rad li;

16 Epi malè pou moun ki ^aan-sent, ak moun k ap bay timoun tete nan jou sa yo;

17 Se poutèt sa, priye Senyè a pou lè n ap kouri a pa sezon livè, ni jou Saba;

18 Paske nan lè sa a, nan jou sa yo, pral gen gwo tribilasyon sou ^aJuif yo, ak sou abitan ^bJerizalèm yo, yon kalite Bondye pa t janm voye sou Izrayèl depi nan kòmansman wayòm yo a jouk nan tan sa a; non, ni tou li p ap janm voye sou Izrayèl.

19 Tout bagay ki tonbe sou yo se sèlman kòmansman tristès ki pral tonbe sou yo.

20 Epi eksepte jou sa yo vin kout, pa gen okenn moun nan la chè yo k ap sove; men, pou byen moun ki te eli yo, dapre alyans la jou sa yo pral vin kout.

21 Gade, m pale nou bagay sa yo konsènan Juif yo; epi ankò, apre tribilasyon nan jou sa yo ki pral tonbe sou Jerizalèm yo, si nenpòt moun di nou, Kris la isit la oubyen lòtbò a, pa kwè l;

22 Paske nan jou sa yo gen fo Kris ki pral leve tou, ak fo pwo-fèt, epi yo pral tèlman montre gwo siy ak gwo mèvèy, si sa posib yo pral twonpe menm moun ki chwazi yo, ki chwazi dapre alyans la.

23 Gade, m pale nou bagay sa yo pou byen moun ki ^achwazi yo; epi tou nou pral tande nou-vèl ^blagè, ak bri lagè; pa twoub-ble, paske tout bagay m di nou yo dwe rive; men, se p ap ankò lafen an.

24 Gade, m pale nou alavans;

25 Se sa ki fè, si yo di nou: Gade, li nan dezè a; pa ale: gade, li nan chanm sekrè yo; pa kwè;

26 Paske, menm jan limyè solèy maten an soti nan kote ^alès la, epi l klere menm nan kote lwès, epi l kouvri tout tè a, se konsa aparasyon Pitit Gason Lòm nan pral ye.

27 Epi kounyeya, m ap montre nou yon parabòl. Gade, kèl-keswa kote rès kadav la ye, se la èg yo pral rasanble ansanm; se konsa tou moun m chwazi yo pral ^arasanble soti nan kat kwen tè a.

28 Epi yo pral tande konsènan lagè, ak bri lagè.

29 Gade, m pale pou byen moun m chwazi yo; paske nasyon pral leve kont nasyon, epi wayòm kont wayòm; pral gen ^agrangou, ak lapès, ak tranbleman tè, nan anpil kote.

30 Epi ankò, poutèt inikite pral

12c ^{GE} Jerizalèm.
d D&A 101:22–25.
13a D&A 133:13.
16a Lik 23:29–30.
18a ^{GE} Juif yo.

b Zak. 12; 14:1–5.
23a ^{GE} Eli.
b D&A 45:26.
26a Ezek. 43:2.
27a ^{GE} Izrayèl—

Rasanbleman
Izrayèl la.
29a D&A 43:24–25.

fè mikalaw, lanmou lèzòm pral refwadi; men, yon moun ki pa kite yo gen viktwa sou li, moun sa a ap sove.

31 Epi ankò levanjil sa a ki nan wayòm sa a pral preche nan tout “mond lan, kòm yon temwayaj pou tout nasyon, epi apre sa lafen an pral vini, oubyen destriksyon mechan yo;

32 Epi ankò, abominasyon dezolasyon Danyèl, pwofèt la te pale a pral akonpli.

33 Epi imedyatman apre tribilasyon ki nan jou sa yo, “solèy la pral fènwa, epi lalin nan p ap bay limyè l, epi zetwal yo pral tonbe soti nan syèl la, epi pouvwwa yo ki nan syèl pral tranble.

34 Gade, m di nou, jenerasyon sa a, kote bagay sa yo pral parèt la p ap pase anvan tout bagay m te di nou yo akonpli.

35 Malgre jou a pral vini pou syèl la ak tè a pase, “pawòl mwen yo p ap pase, men, yo tout pral akonpli.

36 Epi jan m te di anvan an, apre “tribilasyon ki nan jou sa yo, epi pouvwwa yo ki nan syèl la tranble, lè sa a, siy Pitit Gason Lòm nan pral parèt, epi tout tribi yo ki sou tè a pral lamante; epi yo pral wè Pitit Gason Lòm nan ^bvini nan nyaj syèl la, avèk pouvwwa epi avèk gwo laglwa;

37 Epi nenpòt moun ki fè trezò avèk “pawòl mwen, moun p ap kapab twonpe yo, paske Pitit

Gason Lòm nan pral vini, epi li pral voye ^bzanj li yo anvan l, avèk gwo son twonpèt, epi yo pral ‘rasanble rès moun li te chwazi yo ansanm soti tout kote, depi nan yon kwen syèl la, ale nan yon lòt.

38 Kounyeya, aprann parabòl “pye figye a—Lè branch li yo toujou jèn, epi l kòmanse bay fèy, nou konnen lete a ap pwochè;

39 Se menm jan an tou, moun m chwazi yo, lè yo wè bagay sa yo, y ap konnen li pre, li nan pòt la menm;

40 Men, konsènan jou sa a, ak lè sa a, pèsonn pa “konnen; menm zanj Bondye yo ki nan syèl la, men, se sèlman Papa m.

41 Men, jan sa te fèt nan epòk “Noye a, se konsa sa pral ye tou nan aparisyon Pitit Gason Lòm nan;

42 Paske sitiyasyon yo pral tankou sa te ye nan epòk anvan “Delij la; paske, jouk nan jou Noye te antre nan bato a yo t ap manje epi bwè, yo t ap marye epi yo t ap marye moun;

43 Epi yo pa t konnen jistan delij la te vini, epi l te pote yo tout ale; se konsa aparisyon Pitit Gason Lòm nan pral ye.

44 Lè sa a bagay ki te ekri a pral akonpli, bagay ki di, nan “dènye jou yo, de moun pral nan jaden, Bondye pral pran youn, epi lòt la pral ^brete;

31a Mat. 28:19–20.

33a Jowèl 2:10;
D&A 29:14.

35a D&A 1:38.

36a M—JS 1:18.

^b GE Dezyèm
Vini Jezikri.

37a GE Ekriti yo.

^b D&A 29:11–15.

^c GE Izrayèl—
Rasanbleman
Izrayèl la.

38a D&A 35:16.

40a D&A 39:20–21; 49:7.

41a Jen. 6:5.

42a GE Delij nan
epòk Noye a.

44a GE Dènye jou yo.

^b Zak. 13:8.

45 De moun pral moulen nan moulen an, Bondye pral pran youn, epi lòt la pral rete;

46 Epi sa m di youn, m di tout moun li; se poutèt sa, “veye, paske nou pa konnen ki lè Senyè nou an pral vini.

47 Men nou dwe konnen bagay sa a: Si jeran kay la te konnen nan ki lè vòlè a t ap vini, li t ap veye, epi l pa t ap kite yo kase kay la, men, li t ap pare.

48 Se poutèt sa, nou dwe pare tou, paske nan lè nou pa panse a, Pitit Gason Lòm nan pral vini.

49 Kiyès moun ki se yon sèvitè ki “fidèl epi ki saj senyè l mete kòm dirijan pou gouvènè kay li a, pou nourì yo lè sa nesèsè?

50 Sèvitè sa ke senyè li jwenn k ap fè sa lè l vini an ap beni; epi

an verite, m di nou, l ap mete l dirijan sou tout byen l yo.

51 Men, si sèvitè mechan sa a di nan kè l: Senyè m nan pran “reta pou l vini,

52 Epi l kòmanse souflete lòt sèvitè ki avèk li yo, epi l manje ak bwè avèk moun ki sou yo,

53 Senyè sèvitè sa a pral vini nan yon jou li p ap veye, epi nan yon lè li pa t konnen,

54 Epi l pral tranche l fè de bout, epi li pral ba li pòsyon pa l avèk ipokrit yo; nan kote sa a pral gen kriye ak “sere dan.

55 Epi se konsa “finisman mechan yo pral vini, daprè pwofesi Moyiz ki te di: Yo pral retranche nan pami pèp la; men, se poko finisman tè a, men l ap vini talèkonsa.

46a GE Santinèl, veye.

49a GE Konfyans, konfyè.

51a D&A 45:26.

54a Mat. 8:12.

55a 2 Ne. 30:10;

D&A 1:9–10; 29:17.

GE Mond—Finisman mond lan.

ISTWA—JOSEPH SMITH

YON EKSTRÈ KI SOTI NAN ISTWA JOSEPH SMITH, PWOFEÒT LA

Joseph Smith pale konsènan zansèt la, manm fanmi l yo, ak ansyen abitasyon yo—Yon eksitasyon ki pa abitye fèt konsènan relijyon te pran pye nan lwès New York—Li te deside pou l chèche lasajès jan Jak te montre nou an—Papa a ak Pitit Gason an te parèt, epi Joseph te resevwa apèl pou ministè pwofetik li a. (Vèsè 1–20.)

KÒM repons pou anpil rapò moun ki mal dispoze yo epi ki gen plan malen yo te mete an sikilasyon, nan relasyon avèk “devlopman epi pwogrè”^b Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo ap fè, tout bagay sa yo moun ki te planifye pou goumen kont karaktè legliz la ak pwogrè legliz la nan mond lan—m te redui pou m oblije ekri istwa sa a, pou m dezabizepanse pèp sa a, epi pou m klase tout kesyon yo nan laverite, an relasyon avèk reyalyte, jan yo te fèt la, toutotan m gen reyalyte sa yo nan men mwen.

2 Nan istwa sa a, m pral prezante diferan evènman yo ki gen relasyon avèk legliz la, nan laverite ak lajistis, jan yo te pase a, oubyen jan yo egziste nan tan prezan sa a menm, ki se ane [1838], yuityèm ane depi lè “òganizasyon Legliz la.

3 “M te fèt nan ane Senyè nou an mil yuisan senk, nan venn-twazyèm jou mwa Desanm nan, nan vil Sharon, Konte Windsor, Eta Vermont. . . . Papa m, ^bJoseph Smith, papa a, te kite Eta Vermont lan epi l te bwote ale rete nan Palmyra, Konte Ontario (kounyeya Konte Wayne), nan Eta New York la, lè m te nan dizyèm ane mwen, oubyen anviwon lè sa a. Nan anviwon dezan apre papa m te fin rive nan Palmyra, li te bwote avèk fanmi l pou l ale nan Manchester nan menm Konte Ontario a—

4 Fanmi an te gen onz manm, ki se papa m, ^aJoseph Smith; ^bmanman m, Lucy Smith (siyati li te Mack anvan l te marye, pitit fi Solomon Mack); frè m yo, ^cAlvin (ki te mouri 19 Novanm 1823, nan 26èm ane laj li), ^dHyrum, mwen menm, ^eSamuel Harrison, William, Don Carlos; ak sè m yo, Sophronia, Catherine, ak Lucy.

5 Yon epòk nan dezyèm ane apre nou te deplase ale nan Manchester a, te gen yon eksitasyon san parèy sou sijè relijyon. Li te kòmanse avèk Metodis yo, men lamenn, li te vin jeneral nan pami tout sèk yo ki te nan rejyon sa a, nan peyi a. Anverite, sa te afekte tout distri

1 1a GE Retablisman levanjil la.
b GE Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo.
2a D&A 20:1.

3a GE Smith, Joseph, pitit la.
b 2 Ne. 3:15.
4a GE Smith, Joseph, papa a.

b GE Smith, Lucy Mack.
c D&A 137:5–6.
d GE Smith, Hyrum.
e GE Smith, Samuel H.

a nan peyi a, epi anpil anpil moun te rasanble nan diferan pati relijye yo, ki te kreye pa sèlman yon ti kras soulèvman ak divizyon nan pami pèp la; kèk t ap rele “vin bò isit! epi kèk lòt t ap rele bò lòtbò! Kèk t ap fè chirepit pou lafwa Metodis la, kèk pou Presbiteryen an, epi kèk pou Batis la.

6 Paske, malgre gwo lanmou moun ki konvèti nan diferan lafwa sa yo te eksprime lè yo tap konvèti a, ak gwo devouman chak pastè yo manifeste, ki te aktif nan leve pou yo bay sèn ekstraòdinè santiman relijye sa a, pou yo te kapab konvèti tout moun, jan yo te kontan pou rele sa, kite yo vin nan nenpòt sèk ki fè yo plezi; sepandan, lè moun ki konvèti yo te kòmanse aliye yo, kèk nan yon pati, kèk lòt nan yon lòt pati, sanble santiman ni prèt yo ak moun ki te konvèti yo te plis yon pretèks pase reyalite; paske yon sèn ki te bay konfizyon ak move santiman te leve—prèt t ap fè chirepit avèk prèt, moun ki konvèti t ap fè chirepit avèk prèt, epi moun ki konvèti te kont moun ki te konvèti; konsa tout santiman youn te gen pou lòt, si yo te janm gen santiman vre, te pèdi nèt nan yon “batay pakèt pawòl ak konkou konsènan opinyon.

7 Se te nan epòk sa a, lè m te gen kenzan. Moun lakay papa m yo te aktif nan lafwa presbiteryen an, epi kat ladan yo te antre nan legliz sa a, se te manman m, Lucy, frè m yo, Hyrum

ak Samuel Harrison; ak sè m nan Sophronia.

8 Pandan peryòd gwo eksitasyon sa a, panse m te panche sou refleksyon serye ak gwo malèz; malgre santiman m yo te pwofon epi yo te pèse m, m te toujou kenbe kò m lwen tout pati sa yo, malgre m te asiste plizyè reyinyon yo te fè osi souvan okazyon te pèmèt mwen. Plis tan an t ap pase, se plis panse m te vin patizan sèk metodis la, epi m te santi yon anvi pou m ale jwenn yo; men, tèlman konfizyon ak diskisyon negatif te gwo nan pami diferan denominasyon yo, li te enposib pou yon moun ki te jèn tankou m, epi ki te si tèlman pa konnen lèzòm ak panse yo, pou fè konklizyon sou kiyès ki gen rezon ak tò.

9 Kèk fwa, panse m te chofe anpil, bri yo ak eskandal yo te san rete. Presbiteryen yo te plis deside kont Batis yo ak Metodis yo, epi yo te itilize pouvwa rezonman ansanm avèk riz pou montre yo antò, oubyen pou fè pèp la panse yo te nan erè. An menm tan an tou, Batis yo ak Metodis yo te devwe pou tabli rezon pa yo epi pou dezapwouve tout lòt yo.

10 Nan mitan lagè pawòl anpil ak batay opinyon sa yo, m te di tèt mwen souvan: Kisa ki te dwe fèt? Kiyès nan tout pati sa yo ki gen “rezon; oubyen èske yo tout antò ansanm? Si nenpòt ladan yo te gen rezon, kiyès ladan yo, epi kòman m ap fè konnen?

11 Pandan m t ap travay anba difikilte grav anpil pati relijyon sa yo te lakòz la, yon jou m te li Epit Wa Jak la, nan premye chapit la ak senkyèm vèsè a, ki di: *Si nenpòt nan pami nou manke lasajès, se pou l mande Bondye, ki bay tout moun liberalman, epi san repwòch; epi l ap ba li l.*

12 Okenn pasaj nan ekriti yo pa janm vini avèk plis pouvwa nan kè lòm pase jan sa te fèt lè sa a. Sanble sa te antre avèk anpil fòs nan chak kwen kè mwen. M te reflechi sou sa plizyè fwa, m te konnen si yon moun ta bezwen lasajès nan men Bondye, se mwen; paske m pa t konnen kòman pou m aji, epi eksepte si m ta jwenn plis lasajès pase sa m te genyen an, m pa t ap janm konnen; paske enstriktè relijyon ki te nan diferan sèk yo te “konprann menm pasaj ekriti yo nan fason tèlman diferan, sa te detwi tout konfyans mwen pou m ta ale nan ^bBib la pou m ta regle kesyon sa a.

13 Alafen, m te fè konklizyon pou m rete nan tenèb ak konfizyon, oubyen m dwe oblije fè tankou Jak te di a, ki vle di, mande Bondye. M te vin pran dispozisyon pou m “^amande Bondye,” m te vin wè, si l bay moun ki nan bezwen yo lasajès liberalman, epi l pa repwoche yo, m dwe pran chans mwen.

14 Konsa, dapre dispozisyon m te pran pou m mande Bondye, m t ale nan yon forè pou m eseye.

Se te nan maten yon bèl jou klè, bonè, nan prentan mil ywisan ven. Se te premye fwa nan lavi m mwen te eseye yon bagay konsa, paske, malgre tout enkyetid mwen, m pa t janm ko eseye ^apriye awotvwa.

15 Apre m te fin ale kote m te planifye pou m ale a, m te gade alantou mwen, epi m te wè m te pou kont mwen, m te ajenou epi m te kòmanse ofri sa kè m te vle a bay Bondye. Pandan m te apèn fè sa, imedyatman te gen yon pouvwa ki te sezi m epi ki te anlope m totalman, epi li tèlman te gen yon pouvwa etonan sou mwen, se kòmsi l te mare lang mwen epi m pa t kapab pale. Yon tenèb epè te rasanble alantou m, epi pou yon ti tan, se kòmsi m te tonbe anba yon destriksyon imedyat.

16 Men, m te egzèsè tout pouvwa m pou m ^apriye Bondye pou l delivre m anba ènmi sa a ki te sezi m nan, epi nan menm moman an, lè m te preske pral nwaye nan dezespwa epi abandonne tèt mwen nan destriksyon—pa yon destriksyon m te imajine, men, se te anba pouvwa yon èt reyèl ki soti nan yon mond envizib, ki te gen yon kalite pouvwa ekstraòdinè m pa t janm santi nan okenn èt—imedyatman nan moman gwo detès sa a, m te wè yon kolòn ^blimyè ki te egzaktman anlè tèt mwen, ki te pi klere pase ^csolèy la, epi ki te desann tikras

12a 1 Kor. 2:10–16.

^b GE Bib.

13a GE Priyè.

14a GE Priyè.

16a Moyiz 1:20.

^b Tra. 26:13.

^c Apok. 1:16.

pa tikras jistan l te tonbe sou mwen.

17 Sa pa t pran anpil tan pou m te wè m delivre anba ènmi ki te mare m nan. Lè limyè a te re-poze sou mwen, m te “wè ^bde pèsonaj, ekla yo ak ^claglwa yo te depase tout deskripsyon, ki te kanpe sispanndi anlè devan mwen. Youn ladan yo te pale avèk mwen, li te site non mwen, epi l te di, padan l te lonje dwèt li sou lòt la—*Se ^dPitit Gason ^eByenneme m nan. Koute !!*

18 Objektif mwen lè m ta pral “mande Senyè a se pou m te konnen kiyès nan tout sèk yo ki te gen rezon, pou m te kapab konnen kiyès mwen ta dwe ale jwenn. Sito m te rekonèt tèt mwen, epi m te vin kapab pale, m te mande pèsonaj ki te sispanndi anlè nan limyè a, kiyès nan tout sèk yo ki te gen rezon (paske nan pwèn sa a m pa t janm gen okenn santiman nan kè m ki te fè konnen yo tout te antò)—epi kiyès m dwe ale jwenn.

19 Li te reponn mwen m pa t dwe ale jwenn okenn ladan yo, paske yo tout te “antò; Epi pèsonaj ki t ap pale avèk mwen an te di kwayans yo te yon abominasyon devan l; li te di konsa tout pwofesè sa yo te kòwonpi; “yo ^bapwoche pre mwen avèk bouch yo, men, ^ckè yo lwen m, kòm

doktrin, yo preche ^dkòmandman lèzòm, yo gen yon ^eaparans sentete, men, yo nye pouvwa ki ladan l nan.”

20 Li te defann mwen ankò pou m ale jwenn okenn ladan yo; epi l te di m anpil lòt bagay m pa t kapab ekri kounyeya. Lè m te vin rekonèt tèt mwen ankò, m te jwenn mwen lonje sou do, m t ap gade anlè nan syèl la. Lè limyè a te pati, m pa t gen fòs; men, byento m te yon jan refè, epi m t ale lakay mwen. Epi pandan m te apiye sou chemine a, manman m te mande m ki pwoblèm mwen. M te reponn, “Pa deranje w, tout bagay byen—m ase byen.” Epi apre sa, m te di manman m, “M te aprann pou tèt pa m presbiteryen pa vre.” Sanble ^aadvèsè a te konnen, depi nan peryòd kòmansman lavi m, m te destine pou m pwouve tèt mwen kòm yon moun ki pral deranje ak annwiye wayòm li a; san sa, poukisa pouvwa tenèb yo ta konbine kont mwen? Poukisa ^bopozisyon ak pèsèkizyon leve kont mwen prèske nan anfans mwen an?

Kèk predikatè ak lòt pwofesè relijyon rejte istwa Premye Vizyon an—Pèsèkizyon anpile sou Joseph Smith—Li temwaye konsènan realite vizyon an. (Vèsè 21–26.)

21 Kèk jou apre m te fin fè

17^a GE Vizyon.
b Tra. 7:55–56;
Kol. 3:1.
c GE Bondye, Divinite.
c GE Glwa.
d GE Jezikri.
e Mat. 3:17; 17:5;
3 Ne. 11:7.

18^a D&A 6:11; 46:7.
19^a Sòm 14.
GE Apostazi—
Apostazi legliz
Kreyen lontan an.
b Eza. 29:13–14;
Ezek. 33:30–31.
c GE Apostazi—

Apostazi jeneral.
d Tit 1:14;
D&A 45:29.
e 2 Tim. 3:5.
20^a GE Dyab.
b 2 Ne. 2:11;
D&A 58:2–4.
GE Advèsite.

“vizyon sa a, m te vin rankontre youn nan predikatè Metodis yo, ki te aktif anpil nan eksitasyon relijye ki te mansyone anvan an; epi pandan m t ap pale avèk li sou zafè relijyon, m te pwofite okazyon an pou m rakonte l vizyon m te fè a. M te etone anpil lè m te wè konpòtman l; non sèlman li te trete enfòmasyon m nan vagman, men tou, avèk anpil opozisyon, li te di sa te soti nan dyab, epi pa t gen zafè ^bvizyon oubyen ‘revelasyon nan dènye jou sa yo; li te di, tout bagay konsa te sispann avèk apot yo, epi pa t ap janm genyen yo ankò.

22 Sepandan, m te wè pita, poutèt m te rakonte istwa a, sa te eksite anpil prejije kont mwen nan pami pwofesè relijyon yo, epi sa te lakòz anpil ‘pèsekisyon, ki te kontinye grandi; epi malgre m te yon ti gason ^bsan enpòtans, ki te sèlman gen ant katòz ak kenzan, epi sityasyon lavi m te fè m yon ti gason san konsekans nan mond lan, malgre sa, moun ki te gen gwo pozisyon te remake m ase pou yo solve klamè piblik la kont mwen, epi pou kreye yon pi move pèsekisyon; epi bagay sa a te yon abitud nan pami tout sèk yo—yo tout te reyini pou pèsekite m.

23 Sa te lakòz mwen fè refleksyon ki serye lè sa a, epi souvan ankò depi lè sa a tou, ala sa te etranj pou yon ti gason san enpòtans, ki te gen yon ti kras plis

pase katòzan, epi yon ti gason tou ki te kondane pou mennen ti lavi mizerab li anba travay jounalye, ta konsidere kòm yon pèsonaj tèlman enpòtan pou l atire atansyon moun ki gran ak legliz ki pi popilè nan epòk sa a, epi nan yon fason pou kreye pi move lespri pèsekisyon ak chirepit nan yo. Men, malgre sa te etranj, se konsa sa te ye, epi sa te souvan lakòz anpil tristès pou mwen.

24 Sepandan, se te yon reyalyite, m te fè yon vizyon. Depi lè sa a, m panse m te santi m tankou ‘Pòl, lè l te ^bdefann tèt li devan Wa Agripa a, epi l te rakonte istwa vizyon l te fè lè l te wè limyè a, epi lè l te tande vwa a; malgre sa, te gen sèlman kèk moun ki te kwè l; kèk moun te di konsa, li te malonèt, lòt moun te di konsa li te anraje; yo te pase l nan betiz epi yo te toumante l. Men, tout bagay sa yo pa t detwi reyalyite vizyon an. Li te fè yon vizyon, li konnen se te vre, epi tout pèsekisyon anba syèl la pa t ap kapab fè sa diferan; epi menm si yo ta pèsekite l jiskalamò, li te konnen, epi l t ap toujou konnen jistan dènye souf li koupe li te wè yon limyè epi l te tande yon vwa pale avèk li, epi tout mond lan pa t ap kapab fè l panse oubyen kwè otreman.

25 Se konsa sa te ye pou mwen tou. M te wè yon limyè an reyalyite, epi nan mitan limyè sa

21a GE Premye Vizyon.
b GE Vizyon.
c GE Revelasyon.
22a Jak 5:10–11.

GE Pèsekisyon,
pèsekite.
b 1 Sam. 16:7;
Alma 37:35.

24a GE Pòl.
b Tra. 26.

a, m te wè de “Pèsonaj, epi yo te pale avèk mwen toutbon vre; epi malgre moun te rayi m epi yo te pèsekite m paske m te di m te fè yon vizyon, se te laverite; epi pandan yo t ap pèsekite m, toumante m, epi pale tout kalite mal kont mwen fosman paske m di sa, m te vin di nan kè mwen: Poukisa pou yo pèsekite m paske m di laverite? M te gade fè yon vizyon; m te konnen sa, epi m te konnen Bondye te konnen sa, epi m pa t kapab ^bnye sa, ni tou m pa pran chans fè sa; omwen m te konnen si m fè sa, m t ap ofanse Bondye, epi m t ap tonbe anba kondanasyon.

26 M te satisfè panse m jiska prezan konsènan mond relijye a—m te konnen se pa t devwa m pou m ale jwenn okenn ladan yo, men, pou m te kontinye jan m te ye a jistan m te resevwa lòt direksyon. M te vin konnen “te-mwayaj Jak la se verite—li te fè konnen yon moun ki manke lasajès kapab mande Bondye, li kapab resevwa, epi Bondye p ap desevwa l.

Mowoni parèt devan Joseph Smith—Non Joseph pral popilè an byen ak mal pami tout nasyon yo—Mowoni pale l konsènan Liv Mòmmon an ak jijman Senyè a ki pral vini epi l site anpil ekriti—Plas kote plak lò yo kache a revele—Mowoni kontinye enstwi Pwofèt la. (Vèsè 27–54.)

27 M te kontinye pousoiv aktivite òdinè mwen nan lavi a jis-

tan nan venteyen Septanm, mil ywisan venntwa, pandan tout tan sa a, m t ap soufri pèsekisyon rèd anba men tout kalite moun, relijye ak sa ki pa relijye, poutèt m te kontinye di m te fè yon vizyon.

28 Nan espas tan ki te separe lè m te fè vizyon an avèk ane mil ywisan venntwa a—paske Senyè a te defann mwen pou m ale jwenn okenn pami sèk relijye yo nan epòk sa a, epi paske m te jèn, epi moun ki te sipoze zanmi m yo epi ki pou ta trete m byen yo te pèsekite m, epi ki ta dwe trete m avèk jantyès si yo te sipoze m te nan erè, pou yo ta ajì nan yon fason apwopriye epi avèk afeksyon pou yo ta fè m retounen—m te rete pou kont mwen ekspoze anba tout kalite “tantasyon; epi m te melanje avèk tout kalite sosyete, souvan m te tonbe nan anpil erè anfan-ten, epi m te demontre feblès kòm yon jèn moun, ak enpèfeksyon nati lòm; ki fè m regrèt pou m di, ki te kondi m nan plizyè tantasyon, ki se ofans pou Bondye. Poutèt m fè konfèsyon sa a, pèsonn pa dwe sipoze m te komèt okenn peche grav oubyen ki te malsen. Pa t janm gen dispozisyon nan nati mwen pou m komèt okenn kalite peche konsa. Men, m te komèt kèk neglijan epi kèk fwa m te asosye nan konpayi derezonab, eksetera, ki pa mache ak karaktè yon moun Bondye ^baple, jan m te aple a. Men, sa pa t parèt twò etranj pou

25a 1—JS 1:17.

^b GE Entegrite;
Kouraj, ankouraje.

26a Jak 1:5–7.

28a GE Tantasyon,
tante.

^b GE Aple,

Bondye te aple,
apèl.

moun ki te konnen lè m te jèn, epi ki te konnen tanperaman joyyal mwen.

29 Kòm konsekans pou bagay sa yo, souvan m te santi m kondane poutèt feblès ak enpèfeksyon m yo; pandan, nan apre midi premye Septanm m te mansyone anvan an, apre m te fin monte kabann mwen, m te lage tèt mwen nan la “priyè ak siplikasyon devan Bondye Tou-pisan an pou padon tout peche m yo ak foli m yo, epi pou ban mwen yon manifestasyon, pou m te kapab konnen konsènan eta m ak pozisyon m devan l; paske m te gen konfyans total pou m jwenn yon manifestasyon diven, jan m te jwenn youn anvan an.

30 Pandan m te an aksyon m t ap priye Bondye a, m te remake yon limyè ki t ap parèt nan chanm mwen an, ki te kontinye grandi jistan chanm nan te vin pi klere pase midi, epi imedyatman, yon “pèsonaj te parèt devan kabann mwen an, li te kanpe sispani anlè, paske pye l yo pa t touche planche a.

31 Li te abiye avèk yon wòb ki te “pi blanch pase tout lòt. Se te yon blanchè ki te depase nenpòt bagay terès m pa t janm konn wè; ni tou m pa kwè okenn moun ta kapab fè okenn bagay terès vin parèt byen blanch ak briyan konsa. Men li yo pa t

kouvri, ak ponyèt li yo tou, yon ti jan anwo pwaye li yo; pye li yo tou, ak janm li yo, yon ti jan anwo jwenti yo. Tèt li ak kou l pa t kouvri tou. M te kapab dekouvri li pa t gen okenn lòt rad sou li eksepte wòb sa a, kòm li te louvri, konsa m te kapab wè lestomak li.

32 Non sèlman wòb sa a te blanch anpil, men, tout kò li te pi “glorifye pase tout deskripsyon, epi aparans li te gade tankou ^bzèklè. Chanm nan te klere anpil, men, li pa t osi klere menm jan tankou alantou pre kò li. Lè m te gade l pou premye fwa a, m te ‘pè; men, lakrent la te kite m lamenm.

33 Li te site “non mwen, epi l te di m konsa li se yon mesaj ki soti nan prezans Bondye vin kote m, epi li te rele Mowoni; li te di konsa, Bondye gen yon travay pou mwen fè; epi non mwen ta pral site pou byen ak mal pami tout nasyon, fanmi, ak lang, oubyen yo t ap pale pou ni byen ak mal pami tout pèp.

34 Li te di konsa te gen yon ^aliv ki te antere, ki te ekri sou ^bplak lò, ki rakonte istwa ansyen abitan yo ki te sou kontinan sa a, ak sous orijin yo. Li te di tou, ^cplenitid levanjil etènèl la nan liv la tou, jan Sovè a te bay ansyen abitan yo li;

35 Epi tou te gen de wòch kris-

29^a GE Priyè.
30^a GE Mowoni, pitit gason Mòmou; Zanj yo.
31^a Tra. 10:30;
1 Ne. 8:5;
3 Ne. 11:8.

32^a 3 Ne. 19:25.
GE Glwa.
^b Egz. 34:29–35;
Ela. 5:36;
D&A 110:3.
^c Egz. 3:6;
Etè 3:6–8, 19.

33^a Egz. 33:12, 17;
Eza. 45:3–4.
34^a GE Liv Mòmou.
^b GE Plak lò yo.
^c GE Retablisman levanjil la.

tal ki mare nan sèk an ajan—epi wòch kristal sa yo te tache sou yon “boukliye ki te fòme sa ki rele ^bOurim ak Toumim nan—ki te antere avèk plak yo; epi posede bagay sa yo epi itilize yo te konn fè moun vin tounen “^cvwayan” nan ansyen tan oubyen tan anvan yo; epi Bondye te prepare yo nan bi pou tradui liv la.

36 Apre l te fin di m bagay sa yo, li te kòmanse resite pwofesi yo ki nan “Ansyen Testaman an. Li te resite yon pati nan ^btwazyèm chapit Malachi a premyèm; epi tou li te resite katrityèm oubyen dènye chapit menm pwofesi a, malgre l te gen yon ti varyasyon avèk jan nou li l nan Bib nou yo. Tan pou l ta resite premye vèsè a jan nou li l nan liv nou yo, li te resite l konsa:

37 *Senyè tout Lame yo di konsa, paske gade, “jou a ap vini ki pral ^bboule tankou yon founo, epi tout ògeye yo, wi, epi tout moun ki fè mechanste yo pral boule tankou ^cpay; paske sa ki pral vini yo pral tèlman boule yo, yo p ap kite ni rasin ni branch.*

38 Epi ankò, li te resite senkyèm vèsè a konsa: *Gade, m pral revele ou “Prètriz la, pa lantremiz ^bEli, pwofèt la, anvan aparisyon gran jou tèrib Senyè a.*

39 Li te site vèsè apre a nan yon fason diferan tou: *Epi li pral plante nan kè pitit yo, “pwomès Bondye te fè papa yo, epi kè pitit yo pral ^bretounen sou papa yo. Si se pa t sa, tout tè a t ap devaste nèt lè aparisyon li a.*

40 An plis bagay sa yo, li te site onzyèm chapit Ezayi a, epi l te di konsa li prèske akonpli. Li te site twazyèm chapit Liv Travay yo tou, venndezyèm e venntwazyèm vèsè yo, egzaktteman jan yo te ye nan Nouvo Testaman nou an. Li te di konsa, “pwofèt sa a se Kris la; men, jou a pa t ko rive pou “moun ki pa t vle koute vwa l yo ta ^bretranche soti pami pèp la,” men, talè jou a pral rive.

41 Li te site “dezyèm chapit Jowèl la, depi nan ventuityèm vèsè a jouk nan dènye a tou. Li te di konsa, pati sa a pa t ko akonpli, men, li t ap fèt talè. Epi ankò l te di tout ^bJanti yo pral rantrè talè. Li te site anpil lòt pasaj ekriti, epi li te ofri anpil eksplikasyon ki pa kapab mansyone la a.

42 Epi, li te di m konsa, lè m jwenn plak sa yo li te pale a—paske lè pou m te jwenn yo a pa t ko akonpli—m pa dwe montre pèsonn moun yo; ni boukliye ki gen Ourim ak Toumim nan; se

35a Lev. 8:8.

GE Pektoral.

b Egz. 28:30.

GE Ourim ak Toumim.

c GE Vwayan.

36a GE Ansyen Testaman.

b GE Malachi.

37a GE Dezyèm

Vini Jezikri.

b 3 Ne. 25;

D&A 64:23–24.

GE Mond—Finisman

mond lan;

Tè—Netwayaj tè a.

c Nawoum 1:8–10;

1 Ne. 22:15, 23;

2 Ne. 26:4–6;

D&A 29:9.

38a GE Kle prètriz la;

Prètriz.

b D&A 27:9; 110:13–16.

GE Eli (Pwofèt Ansyen

Testaman an).

39a Gal. 3:8, 19.

b GE Jeneyaloji;

Sali pou mò.

40a Det. 18:15–19.

b 3 Ne. 20:23; 21:20.

41a Tra. 2:16–21.

b Wom. 11:11–25;

D&A 88:84.

GE Janti yo.

sèlman moun m gen kòmandman pou m montre yo; si m te fè sa, m t ap detwi. Pandan li t ap konvèsè avèk mwen konsènan plak yo, vizyon an te louvri nan “panse m epi m te kapab wè plas kote plak yo te antere a, epi sa te tèlman klè, tèlman presize, m te deja konnen plas la lè m te vizite l.

43 Apre kominikasyon sa a, m te wè limyè nan chanm nan te kòmanse rasanble dirèkteman alantou moun ki t ap pale avèk mwen an, epi l te kontinye fè sa jistan chanm nan te vin tounen fènwa ankò, eksepte dirèkteman alantou l; epi menm moman an, m te wè kòm si yon ouvèti te louvri dwat anlè nan syèl la, epi l te monte jistan l te disparèt totalman, epi chanm nan te vin tounen menm jan l te ye anvan limyè selès a sa a te fè aparisyon l nan.

44 M te kouche ap reflechi sou jan sèn sa a te etranj, epi m te etone anpil pou bagay mesaje ekstraòdinè sa a te di m yo; pandan m te nan mitan “meditasyon m nan, menm moman, m te dekouvri chanm mwen an te kòmanse limen ankò, epi nan yon moman, kòm sa te sanble, menm mesaje selès la te bò kote kabann mwen ankò.

45 Li te kòmanse, epi li te rakonte menm bagay egzat li te di nan premye vizit li a ankò, san menm yon tikal chanjman; lè l te fin fè sa, li te enfòmè m konsènan gran jijman ki te gen pou vini sou tè a, avèk gran

dezolasyon anba grangou, epe, ak lapès; epi gran jijman sa yo ta pral vini sou tè a nan jenerasyon sa a. Lè l te fin rakonte bagay sa yo, li te monte ankò jan l te fè anvan an.

46 Apre tout tan sa a, enpresyon ki te fèt sou panse m yo te tèlman pwofon, m pa t gen dòmi ankò, epi m te kouche anvayi anba etònman pou sa m te wè ak tandè. Men, m te gen sipriz lè m te wè menm mesaje a bò kote kabann mwen ankò, epi m te tandè l reprann oubyen repete m menm bagay anvan yo; epi l te ajoute yon avètisman pou mwen, li te di m konsa, “Satan ta pral eseye ^btante m (kòm konsekans poutèt povrete fanmi m), pou m ale pran plak yo nan objektif pou m kapab vin rich. Li te defann mwen fè bagay sa a, li te di konsa, m pa dwe gen okenn lòt objektif nan tèt mwen lè m ap pran plak yo, eksepte pou m glorifye Bondye, epi tou m pa dwe kite okenn lòt ^cmotif enfliyansè m eksepte pou m bati wayòm Bondye a; si se pa sa, m p ap kapab jwenn yo.

47 Apre twazyèm vizit sa a, li te remonte nan syèl jan l te fè anvan an, epi m te rete pou kont mwen ap reflechi sou jan eksperyans m te fèk fè a te etranj; epi prèske imedyatman apre mesaje selès la te fin monte sòt kote m pou twazyèm fwa a, kòk la te chante, epi m te wè jou a t ap pwoche, konsa konvèsasyon nou an te pran tout nuit la.

42a GE Panse (lespri).
44a GE Medite.

46a GE Dyab.
b GE Tantasyon, tante.

c D&A 121:37.

48 M te reveye sou kabann mwen yon ti tan apre sa, epi kòm dabitid, m t ale nan travay ki nesesè pou jounen an; men, lè m t ap eseye travay jan m te konn fè lòt fwa yo, m te tèlman fèb sa te fè m pa kapab ditou. Papa m ki t ap travay avèk mwen te dekouvri yon bagay ki pa t nòmal nan mwen, epi l te di m pou m ale lakay. M te pati nan entansyon pou m ale lakay; men, lè m te eseye travèse lantouraj nan limit chan kote nou te ye a, m te pèdi fòs nèt, epi m te tonbe san sekou atè a, epi pou kèk tan, m te san konesans.

49 Premye bagay m kapab sonje se te yon vwa ki te pale avèk mwen, ki te site non m. M te gade anlè, epi m te wè menm mesaje a ki te kanpe anlè tèt mwen, ki te antoure avèk limyè menm jan avèk anvan an. Li te rakonte m tout bagay li te rakonte nan nuit anvan an, epi l te kòmande m pou m ale kote “papa m pou m rakonte l vizyon an ak kòmandman m te resevwa yo.

50 M te obeyi; m te retounen kote papa m nan chan an, epi m te rakonte l tout bagay. Li te di m konsa, se zafè Bondye, epi l te di m konsa pou m ale fè jan mesaje a te kòmande m nan. M te kite chan an epi m ale kote mesaje a te di m plak lò yo te depoze a; epi granmèsi pou vizyon aklè presize m te fè a, m te konnen plas la menm moman m te rive a.

51 Nan vilaj Manchester a, Konte Ontario, New York, te gen yon “kolin men gwose konsiderab, epi ki te pi wo nan tout vwazinaj la. Sou kote lwès kolin sa a, pa trè lwen tèt la, anba yon wòch men gwose konsiderab, plak yo te kouche, yo te depoze nan yon bwat an wòch. Bwat la te epè, epi l te won nan mitan sou fas ki pi wo a, epi l te pi plat sou kote yo, konsa pati ki nan mitan an te vizib anlè tè a, men, kote tout alantou yo te kouvri anba tè a.

52 Lè m te wete tè yo, m te jwenn yon levye m te foure anba kote wòch la, epi avèk yon ti efò, m te leve l. M te gade andedan l, epi gade m te wè “plak yo, ^bOurim ak Toumim nan, ak ^aboukliye a, jan mesaje a te di a. Bwat kote yo te ye a te fòme avèk wòch ki te kole ansanm avèk yon kalite siman. Anba bwat la te gen de wòch ki te kwaze youn lòt travèse andedan bwat la, epi se sou wòch sa yo plak yo ak lòt bagay ki te avèk yo a te depoze.

53 M te eseye wete yo, men, mesaje a te defann mwen, epi l te fè m sonje lè pou yo pibliye a patko rive, ni tou li pako ap rive anvan katran apati lè sa a; men, li te di m konsa m dwe retounen nan kote sa a presizeman nan yon ane apati lè sa a, epi li t ap rankontre m nan kote sa a, epi m te dwe kontinye fè sa jistan lè a te rive pou m jwenn plak yo.

49a GE Smith, Joseph, papa a.
51a GE Kimora, Kolin.

52a Mòm. 6:6.
GE Plak lò yo.
b GE Ourim ak

Toumim.
c GE Pektoral.

54 Daprè jan l te kòmande m nan, m te ale nan finisman chak ane, epi chak fwa, m te jwenn menm mesaje a nan kote sa a, epi m te resevwa enstriksyon ak bon konprann nan men l nan chak konvèsasyon nou yo, konsènan kisa Senyè a ta pral fè, kòman epi nan ki fason “wayòm li a ta dwe kondi nan dènye jou yo.

Joseph Smith marye avèk Emma Hale—Li resevwa plak lò yo nan menm Mowoni epi l tradui kèk nan karaktè yo—Martin Harris montre Pwofesè Anthon karaktè yo ak tradiksyon an, epi Pwofesè a di konsa, “m pa kapab li yon liv ki sele.” (Vèsè 55–65.)

55 Kòm sitiyasyon materyèl papa m te limite anpil, nou te oblije pou nou travay avèk men nou, angaje nan ti travay jounalye oubyen nenpòt jan nou te kapab jwenn opòtinite. Kèk fwa, nou te lakay, epi kèk fwa nou te deyò, epi paske nou t ap travay tout tan, nou pa t kapab gen yon vi konfòtab.

56 Nan ane 1823, fanmi an te vin gen anpil aflikasyon akòz lanmò pi gran frè m nan, “Alvin. Nan mwa Oktòb 1825, yon jantiyòm aje ki te rele Josiah Stoal, epi ki te rete nan Konte Chenango, Eta New York te anplwaye m. Li te tandè te gen yon min lajan Espayòl yo te louvri nan Harmony, Konte Susquehanna, nan Eta Pennsylvania an; epi anvan l te

anplwaye m nan, li t ap fouye pou l te kapab, si se posib, dekouvri min nan. Apre m t al rete lakay li, li te pran m, avèk rès moun li yo, pou nou fouye min lajan an, kote nou te kontinye travay pou yon mwa, san siksè nan travay la, epi finalman, m te deside avèk jantiyòm aje a pou m sispann fouye. Se la istwa ki te fè konnen m t ap mache fouye dèyè lajan an te soti.

57 Pandan epòk m te anplwaye a, yo te abite m ansanm avèk yon sèten Mr. Isaac Hale ki te moun nan zòn sa a; se kote sa a m te rankontre madanm mwen (pitit fi li a), “Emma Hale, pou premye fwa. Nan 18 Janvye 1827 nou te marye, pandan m te toujou anplwaye nan sèvis Mr. Stoal.

58 Poutèt m te kontinye di konsa, m te fè yon vizyon, “pèsekisyon te kontinye suiv mwen, epi papa madanm mwen ak fanmi l te kont maryaj nou an anpil. Se poutèt sa, m te anba obligasyon pou m mennen l yon lòt kote; konsa, nou t ale epi nou te marye lakay Squire Tarbill, nan Sid Bainbridge, Konte Chenango, New York. Imedyatman apre maryaj mwen an, m te kite lakay Mr. Stoal, epi m t ale lakay papa m, epi m te fè jadinaj avèk li pou sezon an.

59 Alafen lè a te rive pou m jwenn plak yo, Ourim ak Toumim nan, ak boukliye a. Nan

54a GE Wayòm Bondye oubyen wayòm syèl la.

56a D&A 137:5–8.
57a GE Smith, Emma Hale.

58a GE Pèsekisyon, pèsekite.

venndezyèm jou mwa Septanm mil ywisan vensèt la, m t ale kòm dabitid kote yo te depoze, menm mesaje selès la te livre yo ban mwen avèk responsablite sa a: pou m responsab yo; si m ta kite yo san pwoteksyon, oubyen pa mwayen pa nenpòt “neglijans m lakoz yo pèdi, m t ap retranche; men, si m ta fè tout efò m pou m ^bprezève yo, jistan li menm, mesaje a ta vin chèche yo, y ap pwoteje.

60 La a menm, m te vin wè rezon ki te fè m resevwa yon avètisman sevè konsa pou m kenbe yo nan sekirite, epi poukisa mesaje a te di konsa lè m te fin fè sa li te mande m nan li t ap retouren vin pran yo. Paskè pa lontan apre moun te vin konnen m te genyen yo, efò ki pi mètdam posib te fèt pou wete yo nan men m. Yo te mete an plas tout fent yo te ka envante plas nan objektif sa a. Pèsekisyon an te vin pi rèd, pi di pase anvan, epi anpil anpil moun nan ap siveye tout tan pou pran yo nan men m si sa ta posib. Men, avèk lasajès Bondye, yo te rete an sekirite nan men m. Lè, dapre aranjman, mesaje a te vin chèche yo, m te ba li yo; epi li genyen yo sou responsablite li jouk jodi a, ki se dezyèm jou mwa Me mil ywisan trantwit.

61 Sepandan, eksitasyon an te toujou kontinye, epi bri t ap kouri nan sikile avèk tout kalite kont lang ki asosye avèk li yo pou denigre moun lakay

papa m ak mwen. Si pou m ta rakonte yon milyèm pami yo, sa ta ranpli anpil liv. Sepandan, tèlman pèsekisyon an te vin entolerab, m te oblije kite Manchester, epi m t ale nan Konte Susquehanna avèk madanm mwen, nan eta Pennsylvania an. Pandan m t ap prepare pou m kòmanse—paskè m te pòv anpil, epi pèsekisyon an te tèlman lou sou nou pa t gen okenn mwayen pou sitiyasyon nou ta diferan—nan mitan aflikasyon nou yo nou te jwenn amitye ak jantiyès nan men yon jantiyòm ki te rele “Martin Harris, ki te vin kote nou epi ki te ban mwen senkann dola pou ede nou nan vwayaj nou an. Mr. Harris te yon rezidan nan vil Palmyra, Konte Wayne, nan eta New York la, epi l te yon fèmye moun respektè.

62 Avèk èd sa ki te byen rive a, m te kapab rive nan destinasyon m t ap ale nan Pennsylvania an; epi imedyatman apre m te fin rive kote sa a, m te kòmanse li karaktè yo ki te sou plak yo. M te kopye yon bon kantite konsiderab ladan yo, epi avèk “Ourim ak Toumim nan, m te tradui kèk ladan yo, m te fè sa pandan espas tan m te rive lakay papa madanm mwen nan mwa Desanm nan, ak mwa Fevriye apre a.

63 Yon lè nan mwa Fevriye sa a, Mr. Martin Harris sa a m te mansyone a te vini lakay nou, li te pran karaktè m te tire sou

59a I—JS 1:42.

^b GE Ekriti yo—Ekriti ki dwe prezève.

61a D&A 5:1.

GE Harris, Martin.

62a GE Ourim ak

Toumim.

plak yo, epi l te pran direksyon vil New York la avèk yo. Konsènan sa ki te pase limenm ak karaktè yo, m te fè referans nan pwòp istwa pa li kanta sikons-tans yo, jan l te rakonte m yo apre l te retounen, ki se istwa sa a:

64 “M t ale nan vil New York la, epi m te prezante karaktè ki te tradui yo ansanm avèk tradiksyon yo bay Pwofesè Charles Anthon, yon jantiyòm ki te gen renome pou konesans li-terè li nan literati. Pwofesè Anthon te di konsa tradiksyon an te pi korèk pase nenpòt lòt li te wè nan tradiksyon lang Eji-p-syen an. Epi apre sa, m te montre l sa ki pa t tradui yo, epi l te di konsa yo se Eji-p-syen, Kal-deyen, Asiriak, ak Arabik; epi l te di konsa yo se vrè karaktè. Li te ban m yon sètifika pou sètif-ye pèp Palmyra a yo se vrè kar-aktè, epi tradiksyon ki te fèt nan karaktè sa yo te kòrèk tou. M te pran sètifika a epi m te mete l nan pòch mwen, epi m ta pral kite kay la lè Mr. Anthon te rele m tounen, epi l te mande m kòman jèn gason an te fè kon-nen te gen plak lò nan kote l te jwenn yo a. M te reponn li yon zanj Bondye te revele l sa.

65 “Lè sa a li te di m konsa, ‘Ban m wè sètifika sa a.’ M te wete l nan pòch mwen epi m te ba li l. Lè l te pran l, li te de-chire l fè plizyè mòso, epi l te di konsa, zafè ministè “zanj la pa egziste kounyeya, epi l te di

konsa, si m ta pote plak yo ba li, li ta tradui yo. M te di l konsa, yon pati nan plak yo te ^bsele, epi se te entèdi pou m ta pote yo. Li te reponn mwen, ‘m pa kapab li yon liv ki sele.’ M te kite l epi m te ale kote Dr. Mitchell, ki te konfime sa Pwofesè Anthon te di konsènan ni karaktè yo ak tra-diksyon an.”

.....

Oliver Cowdery sèvi kòm grefye nan tradiksyon Liv Mòmmon an—Joseph ak Oliver resevwa Prètriz Aawon an nan men Janbatis—Yo batize, òdone, epi yo resevwa lespri pwofesi a. (Vèsè 66–75.)

66 Nan senkyèm jou mwa Avril 1829 la, “Oliver Cowdery te vin lakay mwen, epi m pa t janm konnen l anvan sa. Li te di m konsa, paske l t ap fè lekòl nan katye kote papa m rezide a, li te retounen lakay li pou kèk tan, epi pandan l te lòtbò a fanmi an te rakonte l sikons-tans ki te fè m resevwa plak yo, epi se poutèt sa li te vin chèche en-fòmasyon kote m.

67 De jou apre Mr. Cowdery te fin rive a (ki te 7 Avril) M te kòmanse tradui Liv Mòmmon an, epi l te kòmanse ekri pou mwen.

.....

68 Nou te kontinye ap fè tra-diksyon an, lè nan mwa apre a (Me 1829), nou t ale nan forè a pou nou priye Senyè a konsè-nan “batèm pou ^bremisyon pe-

65^a GE Zanj yo.
b Eza. 29:11–12;
2 Ne. 27:10;

Etè 4:4–7.
66^a GE Cowdery, Oliver.
68^a GE Batèm, batize.

b GE Remisyon
peche yo.

che yo nou te jwenn mansyone nan plak yo. Pandan nou te an-gaje tèt nou nan priye Senyè a konsa, yon ‘mesaje Senyè a te desann soti nan syèl la nan yon ‘nyaj limyè, li te poze ‘men l sou tèt nou, epi l te fòdone nou, li te di konsa:

69 *Sou nou menm sèvitè parèy mwen yo, nan non Mesi a, m konfere “Prètriz Aawon an, ki gen kle ministè zanj yo, ak levanjil repantans la, ak batèm pa imèsyon pou remisyon peche yo; epi bagay sa a p ap janm soti sou tè a jistan pitit gason^b Levi yo ofri Senyè a yon ofrann nan lajistis ankò.*

70 Li te di konsa, Prètriz Aawon sa a pa gen pouvwa enpozisyon men pou “don Sentespri a, men, li ta pral konfere sou nou pita; epi l te kòmande nou pou n ale batize, epi l te ban m direksyon pou m batize Oliver Cowdery, epi apre sa pou l batize m.

71 Jan l te di a, nou t ale epi

nou te batize. M te batize l anvan, epi apre sa, li te batize m—epi apre sa m te mete men sou tèt li epi m te òdone l nan Prètriz Aawon an, epi apre li te mete men l sou mwen epi l te òdone m nan menm Prètriz la—paske se sa yo te kòmande nou.*

72 Mesaje ki te vizite nou nan okazyon sa a, epi ki te konfere Prètriz sa a sou nou an, te di konsa non li se Jan, limenm ki te rele “Janbatis nan Nouvo Testaman, epi l t ap aji sou direksyon^b Pyè, ‘Jak, ak “Jan ki gen ‘kle Prètriz^f Mèlkisedèk la, Prètriz sa a, li te di konsa, yo t ap konfere l sou nou kou lè a rive, epi m t ap vin tounen premye^g ansyen nan Legliz la, epi li (Oliver Cowdery) t ap vin tounen dezyèm nan. Se te nan 15èm jou mwa Me 1829 la nou te òdone anba men mesaje sa a, epi nou te batize.

73 Imedyatman lè nou te fin

*Oliver Cowdery te dekri evènman sa yo konsa: “Jou sa yo se jou pou nou pa janm bliye—lè m te chita pou resevwa son yon vwa enspirasyon syèl la te dikte, sa te reveye gratitud pi pwofon ki te kapab genyen nan zantray li! Jou apre jou m te kontinye, san rete, pou m ekri anba bouch li, pandan l t ap tradui avèk Ourim ak Toumim nan, oubyen jan Nefit yo ta di, avèk ‘entèprèt’ yo, istwa oubyen rejis yo ki te rele ‘Liv Mòmou an.’

“Lè m te remake, nan kèk mo, istwa enteresan Mòmou ak pitit gason fidèl li a, Mowoni te rakonte a, konsènan yon pèp syèl la te renmen epi l te favorize yon fwa, sa depase konpreyansyon m kounyeya; se poutèt sa, m ap ranvwaye bagay sa a pou yon lòt lè, epi, jan m te di nan entwodiksyon an, kite m pase pi dirèkteman nan kèk ensidan ki konekte dirèkteman avèk devlopman Legliz sa a, ki kapab atiran pou anpil milye moun ki avanse, malgre pyèj malfektè, ak tripotaj ipokrit yo, ki te anbrase Levanjil Kris la.

68c GE Janbatis.
d Nonb 11:25;
Etè 2:4–5, 14;
D&A 34:7.
e AL 1:5.
GE Men, Enpozisyon.
f GE Òdinasyon, òdone;
Otorite.

69a GE Prètriz Aawon an.
b Det. 10:8;
D&A 13; 124:39.
GE Levi—Tribi Levi a.
70a GE Don Sentespri.
72a GE Janbatis.
b D&A 27:12–13.
GE Pyè.

c GE Jak, pitit
gason Zebede.
d GE Jan, pitit
gason Zebede.
e GE Kle prètriz la.
f GE Prètriz
Mèlkisedèk.
g GE Ansyen, Èldè.

soti nan dlo a apre nou te fin batize a, nou te eksperimente gwo benediksyon gloriye nan men Papa nou ki nan syèl la. Pa lontan apre m te fin batize Oliver Cowdery, “Sentespri a te tonbe sou li, epi l te kanpe epi l te ^bpwofetize anpil bagay ki te gen pou reyalize nan yon ti tan pwòch. Epi ankò sito li te fin batize m, m te gen lespri pwofesi a tou. Epi lè m te kanpe, m te pwofetize konsènan monte Legliz la pral monte a, ak anpil lòt bagay ki te konekte avèk Legliz la, avèk jenerasyon pitit lèzòm sa a. Nou te ranpli avèk Sentespri a, epi nou te rejwi nan Bondye pou sali nou an.

74 Kòm panse nou te vin eklere kounyeya, ekriti yo te kòmanse louvri devan “konpreyansyon nou, epi ^bvrè siyifikasyon ak entansyon pasaj ki te plen mistè ladan yo a te vin revele devan nou

nan yon fason nou pa t janm kapab jwenn anvan sa, ni tou yon fason nou pa t janm panse anvan sa. Nan entèval sa a, nou te oblije kache sikonstans nou te resevwa Prètriz la ak batèm nou an, akoz yon lespri pèsekisyon ki te deja manifeste tèt li nan zòn nan.

75 Nou te resevwa menas pou popilas tonbe sou nou tanzantan, epi pwofesè relijyon yo te menase nou konsa tou. Epi se sèlman enfliyans fanmi papa madanm mwen ki te kontrekare entansyon pou popilas yo tonbe sou nou an (sou pwoteksyon diven), ki te vin amikal ak mwen epi ki te opoze kont popilas yo, epi ki te vle pou m ta kontinye travay tradiksyon an san nwi-zans; epi se poutèt sa, yo te ofri epi yo te pwomèt nou pwoteksyon kont tout dewoulman ilegal, otan yo te gen pouvwa.

“Pa gen okenn lòt moun, ki gen tèt klè, ki ta kapab tradui epi ekri direksyon Nefit yo te resevwa ki te soti nan bouch Sovè a, konsènan manyè egzat lòm ta dwe bati Legliz Li a, espesyalman lè koripsyon te gaye yon dout sou tout kalite sistèm ki pratike pami lèzòm, san yo pa anvè privilèj pou montre nan kè yo, pou yo ta antere nan tonb likid la, pou yo kapab reprezante ‘rezirèksyon Jezikri a avèk yon bon konsyans.’

“Apre m te fin ekri istwa ki te rakonte Ministè Sovè a devan rès desandan Jakòb yo, sou kontinan sa a, se te fasil pou m te wè, jan pwofèt la te di sa t ap ye a, kòmman tenèb te kouvri tèt a, epi tenèb epè te kouvri panse pèp la. Lè m te reflechi pi lwen, se te fasil pou m te wè tou malgre tout goumen ak bri ki te genyen konsènan relijyon, yo youn pa t gen otorite nan men Bondye pou administre òdonans Levanjil la. Paske nou ta kapab poze kesyon an, pou konnen èske lèzòm gen otorite pou administre nan non Kris li, moun ki nye revelasyon, alòske temwayaj li se mwens pase lespri pwofesi a menm, epi revelasyon imedyat se baz dirèk kote relijyon li a bati, soutni, nan tout epòk nan mond lan lè Li gen moun sou tèt a? Si reyalite sa yo te antere, epi nèg mètdam kache yo avèk swen, pou enterè malfezan yo pa dekouvri lè bagay sa yo briye devan fas lèzòm, yo pa t sekrè pou nou ankò; epi nou te sèlman ap rete tann pou nou resevwa kòmandman an ‘Leve epi batize.’

“Nou pa t ka tann sa pou lontan avan l te reyalize. Senyè a ki rich nan mizèrikòd

73a GE Sentespri.
b GE Pwofesi,

pwofetize.
74a GE Konpreyansyon.

b Jan 16:13.

la, epi ki toujou vle reponn priyè konsistan moun ki gen imilite yo, lè nou te fin priye L avèk gran efò, lwen kote lèzòm abite, li te desann pou manifeste nou volonte L. Soudènman, kòmsi se te nan mitan letènite, vwa Redanmtè a te pale nou lapè, pandan vwal la te separe epi zanj Bondye a te desann abiye avèk laglwa, epi l te remèt mesaj nou t ap tann avèk enpasyans la, ak kle Levanjil repantans la. Gade yon lajwa! Gade yon mèvyè! Gade yon etònman! Pandan mond lan te dechire epi l te distrè—pandan milyon moun t ap tatonnen tankou men avèg sou miray, epi pandan lèzòm t ap repoze sou sa ki pa sèten, tankou yon makòn kabrit, je nou te wè, zòrèy nou te tande, tankou se te gran lajounen; wi, plis pase reyon limyè solèy mwa Me, ki te layite limyè sou fas lanati a! Epi apre sa, malgre vwa l te frankil, li te pèsè andedan nou, epi pawòl li yo, ‘M se sèvitè konpayon nou yo,’ te fè disparèt tout lakrent. Nou te koute, nou te kontanple, nou te admire! ‘Se te vwa yon zanj glorifye,’ se te yon mesaj ki soti kote Bondye Ki Pi Wo a! Epi pandan nou t ap tande nou te rejwi, pandan lanmou l t ap briye sou nanm nou, epi nou te vlope nan vizyon Toupisan an! Èske te gen yen plas pou dout! Okenn kote; Dout te vole gagè, dout te nwaye pou l pa leve ankò, pandan lafiksyon ak desepsyon te kraze-rak pou tout tan!

“Men, frè byenneme m nan, panse, panse pi lwen pou yon moman, ki lajwa ki te ranpli kè nou, epi avèk ki sipriz nou te koube, (paske, kiyès ki pa t ap pliyè jenou pou yon benediksyon konsa?) lè nou te resevwa anba men l la Prètriz ki Sen an jan l te di a, ‘Sou nou sèvitè konpayon m yo, nan non Mesi a, m konfere la Prètriz sa a ak otorite sa a, ki pral rete sou tè a, pou Pitit gason Levi yo kapab ofri Senyè a yon ofrann nan lajistis ankò!’

“M p ap eseye dekri santiman nan kè sa a pou nou, ni belte ak laglwa san parèy ki te antoure nou nan okazyon sa a; men, n ap kwè mwen lè m di konsa ni tè a ak lèzòm avèk elokans tan an ap pote, pa kapab menm kòmanse pale langaj nan yon fason ki osi sakre ak ekselan tankou pèsonaj sen sa a. Non; ni tou, tè a pa gen pouvwa pou l bay lajwa, pou l delege lapè, oubyen pou l konprann lasajès ki te nan chak fraz jan pouvwa Lespri Sen an te bay yo a! Lòm kapab twonpe moun parèy li, riz kapab suiv riz, epi pitit malen yo kapab gen pouvwa pou yo sedui moun ki sòt epi ki pa enstwi, jistan anyen, eksepte lafiksyon nourri anpil moun, epi fwi manti pote moun ki san sans nan tonbo yo; men, yon sèl ti touche avèk dwèt lanmou li, wi, yon reyon laglwa ki soti nan mond siperyè a, oubyen yon sèl mo nan bouch Sovè a, ki soti nan zantray letènite, frape tout bagay kòm san siyifikasyon, epi l efase yo nan panse moun pou tout tan. Asirans ki te fè nou konnen nou te nan prezans yon zanj, sètitud la ke nou te tande vwa Jezi ak la verite ki t ap devide soti nan pèsonaj san tach la, bagay sa yo volonte Bondye te dikte yo, daprè mwen sa te depase tout deskripsyon, epi m ap toujou gade ekspresyon bonte Sovè a ak mèvyè epi avèk remèsiman pandan m gen pèmisyon pou m rete sou tè a; epi nan wazyòm sa yo kote pèfeksyon abite epi peche yo pa janm vini, m espere adore nan jou sa a ki p ap janm fini an.” *Messenger and Advocate*, vol. 1 (Oktòb 1834), pp. 14–15.

ATIK LAFWA YO

LEGLIZ JEZIKRI POU SEN DÈNYE JOUYO

NOU ^akwè nan ^bBondye, Papa Netènèl la, ak ^cPitit Gason li a, Jezikri, ak ^dSentespri a.

2 Nou kwè lèzòm pral resevwa pinisyon pou ^apwòp peche pa yo, men, pa pou transgresyon ^bAdan an.

3 Nou kwè, akòz ^aEkspyasyon Kris la, tout limanite kapab ^bsove, si yo ^cobeyi ^dlalwa ak òdonans ^eLevanjil la.

4 Nou kwè premye prensip ak ^aòdonans Levanjil yo se: premyèman, ^bLafwa nan Senyè a Jezikri; dezyèmman, ^cRepantans; twazyèmman, ^dBatèm pa imèsyon pou ^eremisyon peche yo; katriyèmman, Enpozisyon ^fmen pou ^gdon Sentespri a.

5 Nou kwè yon nonm dwe resevwa ^aapèl nan men Bondye, pa

mwayen ^bpwofesi, epi pa enpozisyon ^cmen, nan men moun ki gen ^dotorite, pou ^epreche Levanjil la epi pou administre ^fòdonans Levanjil yo.

6 Nou kwè nan menm ^aòganizasyon ki te egziste nan epòk Legliz Primitif la, ki vle di, ^bapot, ^cpwofèt, ^dpastè, enstriktè, ^eevanjelis, eksetera.

7 Nou kwè nan ^adon ^blang, ^cpwofesi, ^drevelasyon, ^evizyon, ^fgerizon, ^gentèpretasyon lang, eksetera.

8 Nou kwè ^aBib la se ^bpawòl Bondye toutotan li tradui ^ckòrèkteman; nou kwè ^dLiv Mòmmon an se pawòl Bondye tou.

9 tout Nou kwè bagay Bondye te ^arevele, ak tout bagay li revele kounyeya, epi nou kwè li

- 1 ^{1 a} GE Kwayans, kwè.
^b GE Bondye, Divinite—Bondye Papa a.
^c GE Bondye, Divinite—Bondye, Pitit Gason an; Jezikri.
^d GE Bondye, Divinite—Bondye, Sentespri a; Sentespri.
^{2 a} Det. 24:16; Ezek. 18:19–20.
 GE Lib abit; Responsab, responsablite.
^b GE Chit Adan ak Èv.
^{3 a} GE Ekspyasyon, ekspye.
^b Mozya 27:24–26; Moyiz 5:9.
 GE Sali.
^c GE Obeyi, obeyisan,

- obeyisans.
^d GE Lwa.
^e GE Levanjil.
^{4 a} GE Òdonans yo.
^b GE Lafwa.
^c GE Repantans, repanti.
^d GE Batèm, batize.
^e GE Remisyon peche yo.
^f GE Men, Enpozisyon.
^g GE Don Sentespri.
^{5 a} GE Aple, Bondye te aple, apèl.
^b GE Pwofesi, pwofetize.
^c GE Men, Enpozisyon.
^d GE Otorite; Prètriz.
^e GE Preche.
^f Alma 13:8–16.
^{6 a} GE Legliz, siy verite

- ^a—Òganizasyon Legliz la.
^b GE Apot.
^c GE Pwofèt.
^d GE Evèk.
^e GE Evanjelis; Patriyach, patriyakal.
^{7 a} GE Don Lespri yo.
^b GE Lang yo, don.
^c GE Pwofesi, pwofetize.
^d GE Revelasyon.
^e GE Vizyon.
^f GE Geri, gerizon.
^g 1 Kor. 12:10; Mòm. 9:7–8.
^{8 a} GE Bib.
^b GE Pawòl Bondye.
^c 1 Ne. 13:20–40; 14:20–26.
^d GE Liv Mòmmon.
^{9 a} GE Revelasyon.

pral ^brevele anpil gwo bagay ki enpòtan ankò konsènan Wayòm Bondye a.

10 Nou kwè nan ^arasanbleman literal Izrayèl ak restorasyon ^bdis tribi yo; ki vle di, ^cSiyon (Nouvo Jerizalèm nan) pral bati sou kontinan Ameriken an; Kris la pral ^drenye pèsoneleman sou tè a; epi tè a pral ^erenouvle epi l pral resewva ^flaglwa ^gparadi li a.

11 Nou reklame ^aprivilèj pou nou adore Bondye Toupisan an dapre ^blide pwòp ^ckonsyans pa nou, epi nou akòde tout moun menm privilèj sa a, se pou yo ^dadore nan fason, nan kote, oubyen sa yo kapab.

12 Nou kwè nou dwe soumèt nou devan wa, prezidan, dirijan, ak majistra, pou obeyi, onore, epi soutni ^alalwa.

13 Nou kwè nou dwe ^aonèt, vrè, ^bchas byenveyan, gen vèti, epi nan ^cfè byen pou tout moun; gade, nou kapab di konsa, nou suiv ^dkonsèy Pòl la—Nou kwè tout bagay, nou ^eespere tout bagay, nou te pèsèvere nan anpil bagay, epi nou espere ^fsipòte nan tout bagay. Si gen nenpòt bagay ki gen ^gvèti, ki emab, oubyen ki gen bon rapò oubyen ki atire louwanj, nou chèche bagay sa yo.

JOSEPH SMITH.

9b Amòs 3:7;
D&A 121:26-33.
GE Ekriti yo—
Pwofesi konsènan
ekriti k ap vini.
10a Eza. 49:20-22; 60:4;
1 Ne. 19:16-17.
GE Izrayèl—
Rasanbleman
Izrayèl la.
b GE Izrayèl—Dis tribi
pèdi Izrayèl yo.
c Etè 13:2-11;
D&A 45:66-67;
84:2-5;

Moyiz 7:18.
GE Nouvo Jerizalèm;
Siyon.
d GE Milenyòm.
e GE Tè—Netwayaj
tè a.
f GE Glwa.
g SVD yon eta ki sanble
ak Jaden Edenn nan;
Eza. 11:6-9; 35;
51:1-3; 65:17-25;
Ezek. 36:35.
GE Paradi.
11a D&A 134:1-11.
b GE Lib abit.

c GE Konsyans.
d GE Adorasyon.
12a D&A 58:21-23.
GE Lwa.
13a GE Entegrite;
Onèt, onètete.
b GE Chastete.
c GE Sèvis.
d Filip. 4:8.
e GE Èspèrans.
f GE Pèsèvere.
g GE Modesti;
Vèti.

APENDIS

GID EKRTI YO

KWONOLOJI

AMONI LEVANJIL YO

TRADIKSYON JOSEPH SMITH

KAT JEYOGRAFIK BIB LA

FOTO BIB YO

KAT JEYOGRAFIK ISTWA LEGLIZ LA

FOTO ISTWA LEGLIZ YO

GID EKRTIYO

Gid Ekrti yo defini kèk doktrin, prensip, moun, ak kèk kote nou jwenn nan Lasent Bib, Liv Mòmou an, Doktrin ak Alyans yo, ak nan Pèl Gran Pri a. Epi tou li bay referans ekrti kle pou w kapab etidye chak sijè. Gid sa a kapab ede w nan etid pèsoneèl ak etid famiyal ekrti yo. Li kapab ede w reponn kesyon konsènan levanjil la, etidye sijè ki nan ekrti yo, prepare diskou ak leson, epi ogmante konesans ou ak temwayaj ou nan levanjil la.

Dyagram sa a eksplike yon echantiyon nòt nan Gid Ekrti yo:

Sijè se an lèt fonsè.

Tè. *Gade tou nan* Kreyasyon, kreye; Mond

Kèk fwa lòt sijè ki nan gid la gen enfòmasyon ki menm avèk sijè w ap etidye a. Mo italik *Gade tou nan* yo dirije w sou menm sijè sa yo.

Sijè yo gen yon defini-syon brèf.

Bondye te kreye planèt kote n ap viv la pa lentèmedyè Jezikri pou lèzòm kapab itilize l pandan lavi mòtèl yo a. Destine final li se pou l vin glorifye ak ekzalte (D&A 77:1–2; 130:8–9). Tè a ap vin tounen yon eritaj etènèl pou moun ki te viv diy pou yon glwa selès (D&A 88:14–26). Yo pral jwi prezans Papa a ak Pitit Gason an (D&A 76:62).

Referans ekrti ki pou ede w konprann defini-syon yo plase andedan parantèz.

Kèk sijè gen ti antèt. Sa yo ekri sou fòm italik.

Te kreye pou lèzòm: Bondye te bay lèzòm dominasyon sou tè a, **Jen.** 1:28 (Moyiz 2:28). Tè a se pou Senyè a, **Egz.** 9:29 (Sòm 24:1). Senyè a te bay pitit lèzòm tè a, **Sòm** 115:16. M te fè tè a epi m te kreye lèzòm sou li, **Eza.** 45:12.

Chak referans ekrti gen yon sitasyon kout nan ekrti a oubyen yon rezime ekrti a ki plase devan l.

Ekrti relatif yo ekri nan parantèz.

Ak pouwva pawòl li lèzòm te vini sou tè a, **Jakòb** 4:9.

Moun ki te pran Sentepri a pou gid yo ap resewva tè a, **D&A** 45:56–58 (D&A 103:7). Moun ki te obeyi levanjil la, y ap resewva byen tè a pou rekonpans, **D&A** 59:3. Pòv ak moun dou yo ki sou tè a ap eritye tè a, **D&A** 88:17 (Mat. 5:5; 3 Ne. 12:5).

Nou pral fè yon tè, epi nou pral teste yo, **Abr.** 3:24–25.

Kèk fwa enfòmasyon konsènan sijè a pa nan antèt ou ap gade a. Mo italik *Gade nan* a ap dirije w nan tit kote pou w jwenn enfòmasyon an.

Testaman. *Gade nan* Ansyen Testaman; Nouvo Testaman

Tribi Pèdi yo. *Gade nan* Izrayèl—Dis tribi pèdi Izrayèl yo

Mo italik *Gade nan* (oubyen *Gade tou nan*) ki gen yon tirè apre l la fè w konnen w ap jwenn enfòmasyon an nan yon ti antèt (“Dis tribi pèdi Izrayèl yo”) ki soti nan yon gran antèt (“Izrayèl”).

Aawon, frè Moyiz la

Aawon, frè Moyiz la. *Gade tou nan* Moyiz; Prètriz Aawon an

Nan ansyen Testaman an, yon pitit gason Amram ak Jokebèd, ki soti nan tribi Levi a (Egz. 6:16–20); Gran frè Moyiz la (Egz. 7:7).

Senyè a te lonmen l pou l ede Moyiz mennen pèp Izrayèl la soti nan Ejipt epi pou l sèvi l kòm pòt pawòl, **Egz.** 4:10–16, 27–31; 5:1–12:51. Sou mòn Sinayi a, Moyiz te resevwa enstriksyon konsènan nominasyon Aawon avèk kat frè l yo nan Prètriz Aawon an, **Egz.** 28:1–4. Te fè fabrike yon jèn bèf ak lò sou rekòmandasyon pèp la, **Egz.** 32:1–6, 21, 24, 35. Te mouri sou mòn Ô a nan laj 123 zan, **Nonb** 20:22–29 (**Nonb** 33:38–39).

Senyè a te Konfime yon prètriz sou Aawon ak desandan l yo tou, **D&A** 84:18, 26–27, 30. Moun ki mayifye apèl prètriz y ap vin tounen pitit Moyiz avèk Aawon, **D&A** 84:33–34.

Aawon, pitit gason Mozya. *Gade tou nan* Mozya, pitit gason Benjamen; Mozya, pitit gason yo

Nan Liv Mòmòn an, yon pitit gason Wa Mozya. Aawon te sèvi kòm yon misonè ki te ede anpil nanm konvèti nan Kris la akòz efò dilijan li yo.

Te gen yon enkredil ki t ap chèche detwi Legliz la, **Mozya** 27:8–10, 34. Yon zanj te parèt devan l ak devan konpayon l yo, **Mozya** 27:11. Te repanti epi te kòmanse preche pawòl Bondye a, **Mozya** 27:32–28:8. Te refize yo lonmen l wa epi okontrè li te ale nan peyi Lamanit yo pou l preche pawòl Bondye a, **Alma** 17:6–9. Te jene ak priye pou direksyon, **Alma** 17:8–11. Te anseye papa Wa Lamon, **Alma** 22:1–26. Te ale preche Zoramit yo, **Alma** 31:6–7.

Abakik

Yon pwofèt Ansyen Testaman nan Jida ki te pale konsènan peche pèp la, petèt pandan gouvènman Jojakin nan (apeprè 600 ANVAN JEZIKRI)

Liv Abakik la: Chapit 1 se yon diskisyon ant Senyè a avèk pwofèt Li a, menm jan avèk sa ki nan Jeremi chapit 12 ak **D&A**

121. Abakik te twouble poutèt mechan yo sanble yo te pwospere. Nan chapit 2, Senyè a te konseye Abakik pou l pasyon—moun ki jis yo dwe aprann pou yo viv avèk lafwa. Chapit 3 anrejistre priyè kote Abakik te rekonèt jistis Bondye.

Abdyas

Yon pwofèt Ansyen Testaman ki te predi destriksyon Edòm. Petèt li te pwofetize pandan gouvènman Joram nan (848–844 ANVAN JEZIKRI) oubyen pandan envazyon Babilonyen an 586 ANVAN JEZIKRI.

Liv Abdyas la: Yon liv nan Ansyen Testaman an. Li gen yon sèl chapit. Ladan l, Abdyas te ekri konsènan destriksyon Edòm epi li te pwofetize ke gen yon sovè ki pral kanpe sou Mòn Siyon an.

Abèd-Nego. *Gade tou nan* Danyèl

Nan Ansyen Testaman an, Chadrak, Mechak, ak Abèd-Nego se te twa jèn Izrayelit yo ki, ansanm ak Danyèl, te transfere nan palè Nebikadnez, wa Babilòn nan. Non Ebre Abèd-Nego te Azarya. Kat jèn gason sa yo te refize manje vyann ak diven wa a pou yo pa souye kò yo (Dan. 1). Wa a te jete Chadrak, Mechak, ak Abèd-Nego nan yon fou dife men yo te mirakilezman proteje (Dan. 3).

Abèl. *Gade tou nan* Adan; Kayen

Nan Ansyen Testaman an, yon pitit gason Adan ak Èv.

Te ofri Bondye yon sakrifis pi ekselan pase frè l la, Kayen, **Jen.** 4:4–5 (Ebre 11:4; Moyiz 5:16–21). Kayen te touye l, **Jen.** 4:8 (Moyiz 5:32).

Te resevwa prètriz la nan men Adan, **D&A** 84:16.

Satan te fè konplo avèk Kayen pou touye Abèl, **Moyiz** 5:28–31 (Ela. 6:27).

Abinadi. *Gade tou nan* Matirize, mati

Yon pwofèt Nefit nan Liv Mòmòn an.

Te pwofetize Bondye ap pini pèp Wa mechan an, wa Noye a, si yo pa repanti, **Mozya** 11:20–25. Te anprizone poutèt li te pwofetize destriksyon Wa Noye ak pèp li a, **Mozya** 12:1–17. Te anseye prèt

mechan Wa Noye yo konsènan lwa Moyiz la ak Kris la, **Mozya** 12–16. Pi gran Alma a te kwè epi li te ekri pawòl li yo, **Mozya** 17:2–4. Wa Noye te boule l nan dife, **Mozya** 17:20.

Abominab, abominasyon. *Gade tou nan Peche*

Nan ekriti yo, yon bagay ki koze repiyans ak hèn pou moun ki jis epi ki pi.

Bouch mansanj yo se abominasyon devan Senyè a, **Pwov.** 12:22.

Logèy se yon bagay abominab devan je Senyè a, **Jakòb** 2:13–22. Mechan yo kondane pou yo kontanple pwòp abominasyon pa yo, **Mozya** 3:25. Mank chastete pi abominab pase tout lòt peche eksepté ansasen ak nye Sentespri a, **Alma** 39:3–5.

Endiyasyon Senyè a flanbe kont abominasyon yo, **D&A** 97:24.

Abram. *Gade nan Abraram*

Abraram. *Gade tou nan Alyans Abraram*

Yon pitit gason Terak, ki te fèt nan vil Our nan peyi Kalde (Jen. 11:26, 31; 17:5). Yon pwofèt Senyè a, Senyè a te fè alyans etènèl avèk li, nan alyans sa yo tout nasyon sou tè a beni. Anvan, non Abraram se te Abram.

Te refijye nan Aran, se la Terak mouri, **Jen.** 11:31–32 (Abr. 2:1–5). Bondye te rele l pou l vwayaje ale nan Kanaran epi pou l resevwa alyans diven, **Jen.** 12:1–8 (Abr. 2:4, 15–17). Te vwayaje al nan Ejip, **Jen.** 12:9–20 (Abr. 2:21–25). Te tabli nan Ebwon, **Jen.** 13:18. Te sove Lòt, **Jen.** 14:1–16. Te rankontre Mèlkisedèk, **Jen.** 14:18–20. Aga te ansent Ismayèl, pitit gason l la, **Jen.** 16:15–16. Non l te chanje, li te vin rele Abraram, **Jen.** 17:5. Senyè a te di Abraram ak Sara konsa yo t ap gen yon pitit gason, **Jen.** 17:15–22; 18:1–14. Sara te ansent Izarak, pitit gason l la, **Jen.** 21:2–3. Te resevwa kòmandman pou l sakrifye Izarak, **Jen.** 22:1–18. Sara te mouri epi li te antere, **Jen.** 23:1–2, 19. Abraram te mouri epi yo te antere l, **Jen.** 25:8–10.

Lè Abraram te vle ofri Izarak la, se te

yon reprezantasyon Bondye ak Sèl Pitit Gason Literal li a, **Jakòb** 4:5. Te peye Mèlkisedèk ladim, **Alma** 13:15. Te prewva epi te temwanyè konsènan vini Kris la, **Ela.** 8:16–17.

Te resevwa prètiz la nan men Mèlkisedèk, **D&A** 84:14. Fidèl yo tounen desandan Abraram, **D&A** 84:33–34 (Gal. 3:27–29). Te resevwa tout bagay pa mwanyen revelasyon epi li te resevwa egzaltasyon li, **D&A** 132:29.

Te chèche benediksyon zansèt yo ak dwa prètiz la, **Abr.** 1:1–4. Fo prèt Kaldeyen yo te pèsekite l, **Abr.** 1:5–15. Senyè a te sove l, **Abr.** 1:16–20. Te aprann konsènan solèy la, lalin nan, ak etwal yo, **Abr.** 3:1–14. Te aprann konsènan lavi premòtèl la ak kreyasyon an, **Abr.** 3:22–28.

Liv Abraram nan: Ansyen rejis Abraram te ekri yo, ki te vin nan men Legliz la nan 1835. Antonio Lebolo te dekouvri rejis yo avèk kèk momi nan simityè souteren Ejiptyen yo, epi li fè Michael Chandler eritye yo. Chandler etale yo nan Etazini nan 1835. Kèk zanmi Joseph Smith te achte yo pote bay pwofèt la, epi li twadui yo. Gen kèk nan rejis sa yo nan Pèl Gran Pri a.

Chapit 1 an rakonte eksperyans Abraram nan Our kalde a, kote prèt mechan yo t ap chèche sakrifye l la. Chapit 2 a pale konsènan vwayaj li nan Kanaran. Senyè a parèt devan l epi li fè alyans avèk li. Chapit 3 a rakonte Abraram te wè linivè a epi li konprann relasyon ki Egziste pami planèt yo. Chapit 4–5 yo se yon lòt istwa konsènan kreyasyon an.

Desandan Abraram yo: Moun ki obeyi lalwa ak òdonans levanjil Jezikri a, yo resevwa pwomès ak alyans Bondye te fè avèk Abraram yo. Gason ak fi kapab resevwa benediksyon sa yo si yo soti literalman nan liyaj Abraram oubyen si yo adopte nan fanmi l poutèt yo anbrase levanjil la epi yo batize (Gal. 3:26–29; 4:1–7; D&A 84:33–34; 103:17; 132:30–32; Abr. 2:9–11). Desandan literal Abraram yo kapab pèdi benediksyon yo poutèt dezobeyisans (Wom. 4:13; 9:6–8).

Adan

Adan. *Gade tou nan Adan-ondi-Aman;* Akanj; Chit Adan ak Èv; Edenn; Èv; Michèl

Premye moun ki te kreye sou tè a.

Adan se papa ak patriyach tout ras moun ki sou tè a. Transgresyon l nan Jaden Edenn nan (Jen. 3; D&A 29:40–42; Moyiz 4) te lakoz chit li epi l vin mòtèl, yon etap nesèsè pou lèzòm kapab pwogrese sou tè a (2 Ne. 2:14–29; Alma 12:21–26). Se poutèt sa nou dwe onore Adan ak Èv pou wòl yo nan rann pwogresyon etènèl nou posib. Adan se Moun Ansyen tan an epi tou li rele Michèl (Dan. 7; D&A 27:11; 107:53–54; 116; 138:38). Li se Akanj lan (D&A 107:54) epi l ap vini sou tè a ankò kòm patriyach fanmi imèn nan (D&A 116).

Bondye te kreye lèzòm nan imaj pa l, **Jen.** 1:26–28 (Moyiz 2:26–28; Abr. 4:26–28). Bondye te bay lèzòm dominasyon sou tout bagay epi li te kòmande yo pou yo multipliyè epi pou yo chaje tè a, **Jen.** 1:28–31 (Moyiz 2:28–31; Abr. 4:28–31). Bondye te plase Adan ak Èv nan Jaden Edenn nan epi li te defann yo manje nan fwi pyebwa ki bay konesans byen ak mal la, **Jen.** 2:7–9, 15–17 (Moyiz 3:7–9, 15–17; Abr. 5:7–13). Adan te lonmen tout kreyati vivan, **Jen.** 2:19–20 (Moyiz 3:19–20; Abr. 5:20–21). Bondye te marye Adan ak Èv, **Jen.** 2:18–25 (Moyiz 3:18–25; Abr. 5:14–21). Satan te tante Adan ak Èv, yo te manje nan fwi defandi a, epi Bondye te chase yo soti nan Jaden Edenn an, **Jen.** 3 (Moyiz 4). Adan te gen 930 an lè l te mouri, **Jen.** 5:5 (Moyiz 6:12).

Adan te premye gason, **D&A** 84:16. Anvan l te mouri, li rele posterite jis li a ansanm nan Adan-ondi-Aman epi li beni yo, **D&A** 107:53–57.

Adan te ofri sakrifis, **Moyiz** 5:4–8. Adan te batize, li te resevwa Sentespri a epi li te resevwa òdonans prèttriz la, **Moyiz** 6:51–68.

Adan-ondi-Aman. *Gade tou nan Adan*

Kote Adan te beni posterite jis li a, twazan anvan l te mouri (D&A 107:53–56)

epi se kote l ap vini anvan tan Dezyèm vini Kris la (D&A 116).

Adiltè. *Gade tou nan Chastete;* Fònikasyon; Imoralite seksyèl; Konpòtman omoseksyèl; Sansyalite, sansyèl

Asosyasyon seksyèl ilegal ant gason ak fi. Byenke an jeneral adiltè fè moun panse a relasyon seksyèl ant yon moun marye ak yon lòt moun ki pa mari l oubyen madanm li, nan ekriti yo li kapab vle di yon moun ki pa marye.

Kèk fwa mo adiltè a kapab itilize kòm senbòl pou apostazi yon nasyon oubyen yon pèp antye ki soti nan prezans Senyè a (Nonb 25:1–3; Jer. 3:6–10; Ezek. 16:15–59; Oze 4).

Jozèf pa t vle fè gwo mechanste ak peche sa kont Bondye, **Jen.** 39:7–12. Ou pa dwe komèt adiltè, **Egz.** 20:14.

Nenpòt moun ki gade yon fi avèk anvi, li deja peche nan kè l, **Mat.** 5:28. Ni adiltè ni fònikatè p ap eritye wayòm Bondye a, **1 Kor.** 6:9–10. Bondye ap jije abominatè ak adiltè yo, **Ebre** 13:4.

Adiltè se peche ki pi abominab pase tout lòt eksepte ansanmen inosan ak nye Sentespri a, **Alma** 39:3–5.

Moun ki komèt adiltè epi repanti, li p ap chase, **D&A** 42:23–26. Si nenpòt moun komèt adiltè nan kè yo, yo p ap gen Sentespri a, **D&A** 63:14–16.

Administrasyon pou malad. *Gade tou nan Geri,* gerizon; Lwil; Men, Enpozisyon; Prèttriz; Wen

Yon benediksyon gason ki gen Prèttriz Mèlkisedèk yo bay moun ki malad, akonpaye ak itilizasyon lwil konsakre.

Poze men w sou li, **Mat.** 9:18. Jezi te poze men l sou kèk moun malad epi li geri yo, **Mak** 6:5. Apot Kris yo te wen anpil moun malad ak lwil epi yo te geri yo, **Mak** 6:13. Ansyen yo dwe wen epi geri malad yo, **Jak** 5:14–15.

Ou pa dwe geri malad yo san moun ki vle yo pa mande w, **D&A** 24:13–14. Ansyen yo dwe poze men yo sou malad yo, **D&A** 42:44. Poze men w sou malad yo epi y ap geri, **D&A** 66:9.

Administre. *Gade tou nan Prètriz;*
Sèvis

Lè moun fè travay Senyè a sou tè a. Bondye dwe bay sèvitè chwazi L yo apèl pou yo kapab administre travay Li a. Lè vrè administratè yo fè volonte Senyè a, yo reprezante Senyè a nan devwa ofisyèl yo epi yo aji kòm ajan Li (D&A 64:29), konsa yo dirije travay ki nesèsè pou sali limanite. Senyè a te bay apot yo, pwofèt yo, evanjelis yo, gran prèt yo, swasann-dis yo, ansyen yo, evèk yo, prèt yo, ens-triktè yo, dyak yo, èd yo, ak gouvènman yo pou pèfeksyon Sen yo, pou travay ministè a (1 Kor. 12:12–28; Efe. 4:11–16; D&A 20; 107).

Senyè a te chwazi l pou administre nan non Senyè a, **Det.** 18:5. Lèzòm ap rele w Administratè Bondye nou an, **Eza.** 61:6.

Pitit Gason Lòm Nan pa t vini pou yo sèvi l men pou l te sèvi, **Mat.** 20:26–28. M te parèt pou m fè w tounen yon ministè epi yon temwen, **Tra.** 26:16–18. Bondye pa enjis pou l bliye travay lanmou w te fè pou Sen yo, **Ebre** 6:10. Si nenpòt moun administre, se pou l fè sa avèk abilitè Bondye bay la, **1 Pyè** 4:10–11.

Yo te anseye epi yo te administre youn lòt, **3 Ne.** 26:19.

Se devwa Douz yo pou yo òdone administratè evanjelik, **D&A** 107:39–40. Yo kapab mete youn gran prèt apa pou l administre bagay tanporèl, **D&A** 107:71–72. Swasann-dis sa yo dwe sèvi kòm ministè k ap vwayaje, **D&A** 107:93–97. Ansyen yo resevwa òdinasyon pou yo sèvi kòm ministè lokal nan legliz mwen an, **D&A** 124:137.

Adopsyon. *Gade tou nan Abraram—*
Desandan Abraram yo; Izrayèl; Pitit gason ak pitit fi Bondye; Pitit Kris yo

Ekrityo yo pale konsènan de kalite adopsyon.

(1) Yon moun ki pa nan liyaj Izrayelit la vin tounen yon manm nan fanmi Abraram nan ak pèp Izrayèl la lè li gen lafwa nan Kris la, li repanti epi li batize pa imèsyon, epi li resevwa Sentespri a (2 Ne. 31:17–18; D&A 84:73–74; Abr. 2:6, 10–11).

(2) Tout moun ki resevwa òdonans

levanjil la vin tounen pitit gason ak pitit fi Jezikri lè yo kontinye obeyi kòmandman Li yo (Wom. 8:15–17; Gal. 3:24–29; 4:5–7; Mozya 5:7–8).

Adorasyon. *Gade tou nan Bondye,*
Divinite

Lanmou, reverans, sèvis epi devosyon pou Bondye (D&A 20:19). Adorasyon gen ladan l priyè, jèn, sèvis nan legliz, patipasyon nan òdonans levanjil la, epi lòt pratik ki montre devosyon ak lanmou pou Bondye.

Ou pa dwe gen lòt bondye apre mwen, **Egz.** 20:3 (Egz. 32:1–8, 19–35; Sòm 81:9).

Adore Papa a avèk lespri epi avèk verite, **Jan** 4:23. Adore moun ki te fè syèl la ak tè a, **Apok.** 14:7 (D&A 133:38–39).

Adore l avèk tout pouvwa w,panse w, epi fòs ou, **2 Ne.** 25:29. Yo te kwè nan Kris la epi yo te adore Papa a nan non l, **Jakòb** 4:5. Zenòs te fè konnen lèzòm dwe priye epi adore tout kote, **Alma** 33:3–11. Adore Bondye nan nenpòt kote ou ye, nan lespri epi nan verite, **Alma** 34:38. Pèp la te tonbe nan pye Jezi epi yo te adore l, **3 Ne.** 11:17.

Tout moun dwe repanti, kwè nan Jezikri, epi adore Papa a nan non l, **D&A** 20:29. m ba w pawòl sa yo pou w kapab konprann epi pou w kapab konnen kòman pou w adore, epi pou w konnen ki sa w ap adore, **D&A** 93:19.

Se sèl Bondye sa m ap adore, **Moyiz** 1:12–20. Nou reklame privilèj pou nou adore Bondye Toupisan an, **AL** 1:11.

Advèsè. *Gade nan Dyab*

Advèsite. *Gade tou nan Chatye,*
chatiman; Pèsekisyon, pèsekite;
Pèsevere; Tantasyon, tante

Nan advèsite—tribilasyon, pwoblèm ak detrès—lèzòm kapab gen anpil eksperyans ki mennen nan devlopman espirityèl ak pwogresyon etènèl si yo tounen vin jwenn Senyè a.

Bondye li menm te sove w nan tout advèsite ak tribilasyon w yo, **1 Sam.** 10:19. Yo te kriye nan pye Senyè a nan pwoblèm yo, **Sòm** 107:6, 13, 19, 28. Byenke

Aga

Senyè a ba w pen advèsite a, malgre sa li p ap wete enstriktè w yo, **Eza.** 30:20–21.

Fèt pou gen opozisyon nan tout bagay, **2 Ne.** 2:11.

Si yo pa t janm gen amè a, yo pa t ap konn gou dous la, **D&A** 29:39. Advèsite w ap sèlman dire yon ti moman, **D&A** 121:7–8. Tout bagay sa yo ap ba w eksperyans, epi se ap pou byen w, **D&A** 122:5–8.

Yo te goute anmè a pou yo te kapab konnen valè bon an, **Moyiz** 6:55.

Aga. *Gade tou nan* Abraram; Ismayèl, pitit gason Abraram

Nan Ansyen Testaman an, bòn Ejjipsyen Sara a. Li te vin tounen youn nan madanm Abraram yo, epi manman Ismayèl (Jen. 16; 25:12; D&A 132:34, 65). Senyè a te pwomèt Aga ke yon gran nasyon t ap soti nan pitit gason l lan (Jen. 21:9–21).

Agòt

Yon konstrikte bato Nefit nan Liv Mòmmon an (Alma 63:5–7).

Agripa. *Gade tou nan* Pòl

Nan Nouvo Testaman an, pitit gason Ewòd Agripa I an, frè Berenis ak Drisil. Li te wa Chalsis, ki nan peyi Liban an. Li te koute Apot Pòl ki te prèske pèsyade pou l vin tounen kretyen (Tra. 25–26; I—JS 1:24).

Aje

Yon pwofèt Ansyen Testaman ki te pwofetize nan Jerizalèm apwoksimativman 520 ANVAN JEZIKRI, yon ti tan apre pèp Juif la te retounen soti nan egzil nan Babiloni (Esd. 5:1; 6:14). Li te pale konsènan rekonstriksyon tanp Senyè a nan Jerizalèm epi li te blame pèp la poutèt li pa t fini. Li te ekri konsènan tanp nan Milenyòm nan ak gouvènman Sovè a tou.

Liv Aje a: Nan chapit 1, Senyè a te blame pèp la poutèt yo t ap viv nan kay nèf yo tandiske tanp la te rete san bati. Chapit 2 anrejistre pwofesi Aje ki fè konnen Senyè a ap bay lapè nan tanp li a.

Akab. *Gade tou nan* Jezabèl

Nan Ansyen Testaman an, youn nan wa ki pi mechan yo epi ki pi puisan nan pati nò Izrayèl la. Li te marye avèk Jezabèl, yon prensès Sidonyen, epi se ak enfliyans Jezabèl adorasyon Baal ak Astate te tabli nan Izrayèl (1 Wa 16:29–33; 2 Wa 3:2) epi yo te eseye debarase yo ak pwofèt yo epi ak adorasyon Jewova (1 Wa 18:13).

Te gouvènè Izrayèl nan Samari pou venteyen an, **1 Wa** 16:29 (1 Wa 16–22). Te fè plis peche devan je Senyè a pase tout wa ki te vin anvan l, **1 Wa** 16:30. Te mouri nan batay, **1 Wa** 22:29–40.

Akanj. *Gade tou nan* Adan; Michèl

Michèl, oubyen Adan, se akanj oubyen zanj an chef la.

Senyè a ap desann soti nan syèl avèk gran kri, avèk vwa akanj la, **1 Tes.** 4:16. Michèl sa a akanj la, **Jid** 1:9 (D&A 29:26; 88:112; 128:20–21).

Alfa ak Omega. *Gade tou nan* Jezikri

Alfa se premye lèt nan alfabè Grèk la; Omega se denye. Yo se non yo bay Jezikri tou, epi se senbòl pou montre Kris la se kòmansman ak finisman (Apok. 1:8; D&A 19:1).

Alkòl. *Gade nan* Pawòl Sajès

Alma ki pi gran an

Yon pwofèt Nefit nan Liv Mòmmon an ki te òganize Legliz la nan epòk Noye wa mechan an.

Te yon prèt wa mechan, Noye a ak desandan Nefi, **Mozya** 17:1–2. Apre l te fin tande epi li te kwè Abinadi, wa a te chase l. Li te sove, kache, epi li ekri pawòl Abinadi yo, **Mozya** 17:3–4. Te repanti epi te anseye pawòl Abinadi yo, **Mozya** 18:1. Te batize moun nan dlo Mòmmon yo, **Mozya** 18:12–16. Te òganize Legliz la, **Mozya** 18:17–29. Te rive avèk pèp li a nan Zaryemla, **Mozya** 24:25. Te resevwa otorite sou tèt Legliz la, **Mozya** 26:8. Te jije epi te dirije Legliz la, **Mozya** 26:34–39. Te konfere ofis gran prèt la bay pitit gason li a, **Alma** 4:4 (Mozya 29:42; Alma 5:3).

Alma, pitit gason Alma. *Gade tou nan* Alma ki pi gran an; Amilèk; Mozya, pitit gason yo

Nan liv Mòmou an, premye jij anchèt ak pwofèt nasyon Nefit la. Nan premye ane lè li te jèn, li t ap chèche detwi Legliz la (Mozya 27:8–10). Sepandan, yon zanj te parèt devan l epi li te konvèti nan levanjil la (Mozya 27:8–24; Alma 36:6–27). Apre sa li te abandone pozisyon l kòm jij anchèt pou l ale anseye pèp la (Alma 4:11–20).

Liv Alma a: Yon liv apa nan Liv Mòmou an, ki gen yon rezime rejis pwofèt Alma yo, pitit gason Alma a, ak Elaman pitit gason l lan. Evènman yo ki parèt nan liv la te pase apwoksimativman ant 91 e 52 ANVAN JEZIKRI. Liv la gen 63 chapit. Chapit 1–4 dekri rebelyon patizan Neyò yo ak Amlisi kont Nefit yo. Lagè bagay sa yo te koze yo te fè pati lagè pi restriktif nan istwa Nefit yo. Chapit 5–16 gen istwa premye vwayaj misyonè Alma yo, ak diskou li te fè konsènan Bon bèje a (Alma 5) ak predikasyon li menm avèk Amilèk yo, nan vil Amoniya a. Chapit 17–27 gen rejis pitit gason Mozya yo ak ministè yo pami Lamanit yo. Chapit 28–44 gen kèk nan diskou pi enpòtan Alma yo. Nan Chapit 32 a Alma konpare pawòl la ak yon semans; nan chapit 36 li rakonte pitit gason l lan, Elaman, konvèsyon l. Chapit 39–42 anrejistre konsèy Alma te bay Koryanton, pitit gason l lan ki te vin tonbe nan transgresyon moral; diskou enpòtan sa a esplike lajistis, mizèrikòd, Rezirèksyon ak Ekspyasyon an. Chapit 45–63 dekri lagè Nefit yo nan peryòd sa a ak deplasman yo sou direksyon Agòt. Gran dirijan tankou Kap-tèn Mowoni, Teyankòm, ak Leyi te ede epaye lavi Nefit yo ak aksyon brav epi egzak yo.

Alyans. *Gade tou nan* Alyans Abraram; Nouvo alyans etènèl; Sèman; Sèman ak alyans prèttriz la

Yon kontra ant Bondye ak lèzòm, men yo aji kòm egal nan kontra. Bondye bay kondisyon pou alyans lan, epi lèzòm dakò pou fè yo sa Li mande yo fè a. Lè

sa a Bondye pwomèt lèzòm yon seri benediksyon pou obeyisans yo.

Moun resevwa prensip ak òdonans yo nan alyans. Manm Legliz ki fè alyans sa yo, pwomèt pou yo onore yo. Paregzanp, manm yo fè alyans avèk Senyè a nan batèm nan epi yo pran Sentsèn nan pou yo kapab renouvle alyans sa a. Yo fè lòt alyans nan tanp. Pèp Senyè a se yon pèp alyans epi yo beni anpil lè yo respekte alyans yo avèk Senyè a.

Avèk ou m ap tabli alyans mwen, **Jen.** 6:18. Kenbe alyans mwen an; lè sa w ap vin tounen yon trezò patikilye, **Egz.** 19:5. Pa fè okenn alyans avèk yo ni avèk fo bondye yo, **Egz.** 23:32. Respekte saba a kòm yon alyans kontinyèl, **Egz.** 31:16. m p ap janm defèt alyans mwen avèk ou, **Jij** 2:1. Sen m yo te fè yon alyans avèk mwen ak sakrifis, **Sòm** 50:5 (D&A 97:8).

Sonje alyans sen l la, **Lik** 1:72 (D&A 90:24).

Pouvwa Bondye te desann sou pèp alyans Senyè a, **1 Ne.** 14:14. Alyans Abraram te resevwa a ap akonpli nan dènye jou yo, **1 Ne.** 15:18 (3 Ne. 16:5, 11–12; 21:7; Mòm. 9:37). Pèp Benjamen an te vle antre nan alyans avèk Senyè a pou yo fè volonte l, **Mozya** 5:5. Batèm se yon temwayaj ki fè konnen yon moun te antre nan alyans avèk Bondye pou sèvi Li sèvi Li, **Mozya** 18:13. Ou se pitit alyans lan, **3 Ne.** 20:25–26. Zanj yo akonpli epi yo fè travay alyans Papa a, **Mowo.** 7:29–31. San Kris la ki te koule a se alyans lan, **Mowo.** 10:33.

Chak moun ki fè pati nan Legliz Kris la dwe eseye kenbe tout alyans yo, **D&A** 42:78. Moun ki te kenbe alyans yo ap beni, **D&A** 54:6. Yon moun ki vyole alyans sa a, l ap pèdi grad li ak pozisyon l nan Legliz la, **D&A** 78:11–12. Tout moun ki resevwa prèttriz la, yo resevwa sèman ak alyans sa a, **D&A** 84:39–40. Yo vle obsève alyans yo avèk sakrifis, **D&A** 97:8. Alyans maryaj la kapab etènèl, **D&A** 132. Sa se ap alyans nou, pou nou mache nan tout òdonans yo, **D&A** 136:4.

Alyans Abraram

Alyans Abraram. *Gade tou nan*
Abraram; Alyans; Sikonsizyon

Abraram te resevwa levanjil la epi li te konsakre nan pi gran prètiz la (D&A 84:14; Abr. 2:11), li kontrakte maryaj selès la ki se alyans Egzaltasyon an (D&A 131:1-4; 132:19, 29). Abraram te resevwa yon pwomès ke posterite mòtèl li t ap resevwa pwomès tout benediksyon alyans sa yo (D&A 132:29-31; Abr. 2:6-11). Ansanm, alyans ak pwomès sa yo rele Alyans Abraram nan. Retablisman alyans sa a sete Retablisman levanjil la nan dènye jou yo, paske, ladann tout nasyon sou tè a ap beni (Gal. 3:8-9, 29; D&A 110:12; 124:58; Abr. 2:10-11).

Alyans Etènèl. *Gade nan* Alyans;
Nouvo alyans etènèl

Amagedon. *Gade tou nan* Dezyèm Vini
Jezikri; Gòg; Magòg

Nan *Amagedon* an soti nan mo Ebre *Har Megidon*, ki siyifi “mòn Megido a.” Vale Megido a se pòsyon lwès nan plènn Esdralon an, 50 mil (80 kilomèt) nò Jerizalèm, epi li se kote anpil batay rèd nan tan Ansyen Testaman an. Yon gran konfli final k ap fèt prèske nan epòk Dezyèm Vini Senyè a ap rele batay Amagedon paske l ap kòmanse nan memm kote a. (Gade nan Ezek. 39:11; Zak. 12-14, espesyalman 12:11; Apok. 16:14-21.)

Amalekit yo (Ansyen Testaman)

Yon tripi Arab ki te rete nan dezè Paran, ant Araba ak Mèditerane. Yo te nan lagè tout tan avèk Ebre yo depi nan epòk Moyiz (Egz. 17:8) jis nan epòk Sayil ak David (1 Sam. 15; 27:8; 30; 2 Sam. 8:11-12).

Amalekit yo (Liv Mòmmon)

Yon gwoup Nefit aposta ki te dirije Lamanit yo pou batay ak Nefit yo (Alma 21-24; 43).

Amalikya

Nan Liv Mòmmon an, yon trèt Nefit ki te jwenn pouvwa nan pami Lamanit yo e ki te dirije yo kont Nefit yo (Alma 46-51).

Amèn. *Gade tou nan* Priyè

Siyifi “se pou sa fèt konsa” oubyen “se konsa sa ye.” *Amèn* anplwaye pou montre ke nou asepte epi nou dakò sensèman, solanèlman (Det. 27:14-26) oubyen nou rekonèt se vre (1 Wa 1:36). Nan tan kounyeya, apre priyè, temwayaj ak diskou, moun ki tandè priyè a oubyen mesaj la di *amèn* pou montre yo dakò epi yo apiye l.

Nan tan Ansyen Testaman, yon moun te konn di *amèn* lè l ap fè yon alyans (1 Kwo. 16:7, 35-36; Ney. 5:12-13; 8:2-6). Yo rele Kris la “Amèn nan, fidèl la ak temwen tout bon an” (Apok. 3:14). *Amèn* sèvi tou kòm siy yon alyans nan Lekòl Pwofèt yo (D&A 88:133-135).

Amilèk. *Gade tou nan* Alma, pitit
gason Alma

Nan Liv Mòmmon an, yon misyonè ki te konpayon Alma, pitit gason Alma a.

Yon zanj te vizite l, **Alma** 8:20; 10:7. Te resevwa Alma lakay li, **Alma** 8:21-27. Te preche pèp Amoniya a avèk pouvwa, **Alma** 8:29-32; 10:1-11. Te yon desandan Nefi, Leyi ak Manase, **Alma** 10:2-3. Te temwaye verite, **Alma** 10:4-11. Te rele moun nan repantans epi yo te rejte l, **Alma** 10:12-32. Te diskite ak Zizwòm, **Alma** 11:20-40. Te anseye rezirèksyon, jijman, ak retablisman an, **Alma** 11:41-45. Te vle sispann kwayan pase anba mati, **Alma** 14:9-10. Yo te anprizone l avèk Alma, **Alma** 14:14-23. Te kraze soti nan prizon an ak lafwa, **Alma** 14:24-29. Te temwaye konsènan Ekspyasyon, mizèrikòd, ak jistis Kris la, **Alma** 34:8-16. Te anseye konsènan priyè, **Alma** 34:17-28. Te ankouraje pèp la pou yo pa ranwaye repantans, **Alma** 34:30-41. Lafwa Alma ak lafwa Amilèk te fè miray prizon yo tonbe, **Etè** 12:13.

Amlisi, Amlisit yo

Yon nonm nan Liv Mòmmon an ki te dirije yon gwoup Nefit ki te vle gen yon wa pandan rèy jij yo. Nefit sa yo ki te rele Amlisit yo te revòlte kareman kont Bondye, poutèt sa, yo te modi (Alma 2-3).

Amon, Desandan Zarayemla. *Gade tou nan Limi*

Nan Liv Mòmòn an, yon gwo òm fò ki te dirije yon ekspedisyon soti nan Zarayemla ale nan tè Leyi-Nefi a (Mozya 7:1–16). Yo te fè l wè ansyen rejis epi li te esplikè ki sa yon vwayan ye (Mozya 8:5–18). Apre sa li te ede libere Wa Limi ak pèp li a anba men Lamanit yo epi li te mennen yo retounen nan Zarayemla (Mozya 22).

Amon, pitit gason Mozya. *Gade tou nan Anti-Nefi-Leyi yo; Mozya, pitit gason Benjamen; Mozya, pitit gason yo*

Nan Liv Mòmòn an, yon pitit gason Wa Mozya. Amon te sèvi kòm yon misyonè ki te ede konvèti anpil nanm nan Kris la akoz efò dilijan l.

Se te yon enkredil ki te chèche detwi Legliz la, **Mozya** 27:8–10, 34. Yon zanj te parèt devan l ak konpayon l yo, **Mozya** 27:11. Te repanti epi te kòmanse preche pawòl Bondye a, **Mozya** 27:32–28:8. Te refize yo lonmen l wa epi okontrè li te ale nan peyi Lamanit yo pou preche pawòl Bondye a, **Alma** 17:6–9. Te jene epi te priye pou direksyon, **Alma** 17:8–11. Yo te mare l mennen bay Wa Lamoni, **Alma** 17:20–21. Te sove twoupo Lamoni yo, **Alma** 17:26–39. Te preche Lamoni, **Alma** 18:1–19:13. Te remèsye Bondye epi te akable anba jwa, **Alma** 19:14. Moun li te konvèti yo pa janm chita, **Alma** 23:6. Te rejwi poutèt li te sèvi kòm zouti nan men Bondye pou l mennen anpil milye moun nan verite, **Alma** 26:1–8 (Alma 26). Te dirije pèp Anti-Nefi-Leyi a nan sekirite, **Alma** 27. Te santi gran jwa lè l te rankontre Alma, **Alma** 27:16–18.

Amòs

Yon pwofèt nan Ansyen Testaman an ki te pwofetize apwoksimativman depi nan 792 jis nan 740 ANVAN JEZIKRI nan epòk Ozyas, Wa Jida a, ak Jewobowam, wa Izrayèl la.

Liv Amòs la: Yon liv nan Ansyen Testaman an. Anpil nan pwofesi Amòs yo te

avèti Izrayèl ak nasyon nan vwazinaj li yo pou yo retounen nan jistis.

Chapit 1–5 egzòte Izrayèl ak nasyon nan vwazinaj li yo pou yo nan repanti. Chapit 3 esplikè Senyè a revele sekrè L yo bay pwofèt epi poutèt transgresyon, yon advèsè pral detwi Izrayèl. Chapit 6–8 pwofetize konsènan chit Izrayèl la anpil ane anvan envazyon Asiryen yo. Chapit 9 pwofetize Izrayèl pral retabli nan tè pa l la.

Àn (Ansyen Testaman). *Gade tou nan Samyèl, pwofèt Ansyen Testaman*

Manman Samyèl, yon pwofèt Ansyen Testaman. Senyè a te bay Àn Samyèl kòm repons pou priyè li yo (1 Sam. 1:11, 20–28). Àn te konsakre Samyèl bay Senyè a. Chante remèsiman kapab konpare avèk pa Mari yo, manman Jezi a (1 Sam. 2:1–10; Lik 1:46–55).

Àn (Gran prèt). *Gade tou nan Kayif*

Nan Nouvo Testaman an, yon nonm ki te gen anpil enfluyans nan Sanedren an. Lè yo te fèk arete Jezi a yo te mennen l devan l (Jan 18:13); li te sèvi kòm yon dirijan tou nan jijman Apot yo (Tra. 4:3–6).

Àn (Nouvo Testaman)

Nan Nouvo Testaman an, yon pwofètès nan tribi Asè a. Nan epòk nesans Jezi a, li te yon vèv laj avanse. Li te wè Bebe Jezi lè yo t ap prezante L nan tanp lan epi li te rekonèt Li kòm Redanmtè a (Lik 2:36–38).

Ananyas Damas. *Gade tou nan Pòl*

Yon disip Kreyen nan Damas ki te batize Pòl (Tra. 9:10–18; 22:12).

Ananyas Jerizalèm

Nan Nouvo Testaman an, limenm ak madanm li, Safira te bay Senyè a manti lè yo te kenbe yon pati nan lajan yo te konsakre pou Senyè a. Lè Pyè te konfronte yo, yo tout de te tonbe atè epi yo te mouri (Tra. 5:1–11).

Andre

Nan Nouvo Testaman an, frè Simon Pyè epi youn nan Douz Apot Jezi te

Ansasen

lonmen yo pandan ministè tèrès Li a (Mat. 4:18–19; Mak 1:16–18, 29).

Ansasen. *Gade tou nan* Kayen; Piniyasyon kapital

Lè yon moun retire lavi yon lòt ak tout konviksyon epi san rezon. Ansasen se yon peche ki te kondane depi nan kòmansman (Jen. 4:1–12; Moyiz 5:18–41).

Nenpòt moun ki fè koule san lòm, se lòm k ap fè koule san l tou, **Jen.** 9:6 (TJS, Jen. 9:12–13; Egz. 21:12; Alma 34:12). Ou pa dwe touye, **Egz.** 20:13 (Det. 5:17; Mat. 5:21–22; Mozya 13:21; D&A 59:6).

Jezi te di, ou pa dwe fè ansasen, **Mat.** 19:18. Ansasen yo pral jwenn pa yo nan dezyèm lanmò a, **Apok.** 21:8.

Ou se ansasinay nan kè w, **1 Ne.** 17:44. Malè yon ansasen ki touye moun liberalman, **2 Ne.** 9:35. Bondye te kòmande pou moun pa ansasinen, **2 Ne.** 26:32. Ansasen se yon abominasyon devan Senyè a, **Alma** 39:5–6.

Yon moun ki touye li p ap jwenn padon, **D&A** 42:18. Nenpòt moun ki touye y ap livre l devan lwa peyi a, **D&A** 42:79.

Anseye, enstriktè. *Gade tou nan* Sentespri

Lè yon moun bay lòt moun konesans, sitou sou verite levanjil la, epi ki gide yo nan jistis. Moun ki anseye levanjil la ta dwe resevwa direksyon nan men Lespri a. Tout paran se enstriktè nan pwòp fanmi yo. Sen yo ta dwe chèche epi yo ta dwe dispoze akseptè enstriksyon nan men Senyè a ak dirijan Li chwazi yo.

Anseye pitit ou yo bagay sa yo, **Det.** 4:8–9. Ou dwe anseye pitit ou yo bagay sa yo avèk dilijans, **Det.** 6:7 (Det. 11:18–19). Antrene yon timoun nan chemen li dwe mache, **Pwov.** 22:6. Pitit ou yo pral resevwa ansèyman nan men Senyè a, **Eza.** 54:13 (3 Ne. 22:13).

Nou konnen w se yon enstriktè Bondye voye, **Jan** 3:2. Ou menm ki anseye yon lòt èske w pa anseye tèt pa w, **Wom.** 2:21.

M te yon jan resevwa ansèyman nan tout konesans papa m, **1 Ne.** 1:1 (Enòs 1:1). Prèt ak enstriktè yo dwe anseye avèk

dilijans oubyen yo dwe reponn pou peche pèp la sou pwòp tèt pa yo, **Jakòb** 1:18–19. Koute m, epi louvri zòrèy ou, **Mozya** 2:9. Ou dwe anseye pitit ou yo pou yo renmen ak sèvi youn lòt, **Mozya** 4:15. Pa konfyè pèsonn kòm enstriktè w si li pa yon moun Bondye, **Mozya** 23:14. Senyè a te devèsè Lespri li sou tout peyi a pou prepare kè yo pou resevwa pawòl la, **Alma** 16:16. Yo te anseye avèk pouvwa epi avèk otorite Bondye, **Alma** 17:2–3. Manman yo te anseye yo, **Alma** 56:47 (Alma 57:21).

Otan yo chèche sajès, yo kapab gen enstriksyon, **D&A** 1:26. Anseye youn lòt dapre ofis ou genyen an, **D&A** 38:23. Anseye prensip levanjil mwen an, ki se Bib la ak Liv Mòmmon an, **D&A** 42:12. Ou dwe resevwa edikasyon nan syèl la, **D&A** 43:15–16. Paran yo dwe anseye pitit yo, **D&A** 68:25–28. youn dwe anseye lòt doktrin wayòm nan, **D&A** 88:77–78, 118. Lonmen yon enstriktè nan pami w, **D&A** 88:122. Ou pa t anseye pitit ou yo limyè ak verite epi se koz afliksyon w, **D&A** 93:39–42.

Anseye pitit ou yo bagay sa yo avèk libète, **Moyiz** 6:57–61.

Anseye avèk Lespri a: Se pa ou menm ki pale, men se Lespri a ki pale nan ou, **Mat.** 10:19–20. Èske kè nou pa chofe andedan nou lè li te louvri ekriti yo devan nou, **Lik** 24:32. Levanjil la preche avèk pouvwa Lespri a, **1 Kor.** 2:1–14.

Li te pale avèk pouvwa epi otorite Bondye, **Mozya** 13:5–9 (Alma 17:3; Ela. 5:17).

Ou pral gen Lespri m pou w kapab konvenk lèzòm, **D&A** 11:21. Moun pral tande tout bagay Konsolatè a pouze w anseye, **D&A** 28:1 (D&A 52:9). Si w pa resevwa Lespri a, ou pa dwe anseye, **D&A** 42:14 (D&A 42:6). Anseye pitit lèzòm bagay yo avèk pouvwa Lespri m, **D&A** 43:15. Ansyen yo dwe anseye levanjil la avèk Lespri a, **D&A** 50:13–22. Ou pral resevwa sa pou w di nan menm moman an, **D&A** 84:85 (D&A 100:5–8).

Ansyen, Èldè. *Gade tou nan* Prèttriz; Prèttriz Mèlkisedèk

Mo *ansyen* an itilize nan plizyè fason

nan Bib la. Nan Ansyen Testaman an li fè moun panse souvan ak yon nonm ansyen nan yon tribi kòm referans, ki gen responsablite nan zafè gouvènman (Jen. 50:7; Joz. 20:4; Rit 4:2; Mat. 15:2). Laj yo ak eksperyans yo te rann konsèy yo valab. Pozisyon yo pa t nesèsman yon apèl nan prèttriz la.

Te gen ansyen tou ki te resevwa òdonans nan Prèttriz Mèlkisedèk la nan Ansyen Testaman an (Egz. 24:9–11). Nan Nouvo Testaman an yo mansyone ansyen yo kòm yon pozisyon nan prèttriz legliz la (Jak 5:14–15). Pami Nefit yo tou, te gen ansyen ki te òdone nan prèttriz la (Alma 4:7, 16; Mowo. 3:1). Nan dispansasyon sa a, Joseph Smith ak Oliver Cowdery te premye ansyen yo ki te resevwa òdonans (D&A 20:2–3).

Kounyeya, Èldè se yon tit yo bay tout moun ki gen Prèttriz Mèlkisedèk la. Pa egzanzp, yo rele misyonè gason yo Èldè. Epi tou, yon Apot se yon Èldè, epi li apwopriye pou moun pale konsènan manm Kowòm Douz Apot yo oubyen Kowòm Swasannndis yo ak tit sa a (D&A 20:38; 1 Pyè 5:1). Nou jwenn devwa ansyen yo ki òdone nan Legliz la jodi a nan revelasyon dènye jou yo (D&A 20:38–45; 42:44; 46:2; 107:12).

Moyiz te ekri tout ansyen yo nan Izrayèl la, **Det.** 31:9.

Banabas te pote enstriksyon bay ansyen yo nan legliz la, **Tra.** 11:30. Yo te òdone ansyen nan chak legliz, **Tra.** 14:23 (Tit 1:5). Rele ansyen yo pou priye sou tèt malad yo, **Jak** 5:14.

Yo te òdone ansyen yo anba enpozisyon men, **Alma** 6:1.

Ansyen yo dwe beni timoun yo, **D&A** 20:70. Ansyen yo dwe dirije reyinyon ak Sentespri a, **D&A** 46:2. Ansyen yo dwe bay rapò konsènan responsablite yo, **D&A** 72:5. Ansyen yo dwe preche levanjil la bay tout nasyon yo, **D&A** 133:8.

Ansyen jou yo. *Gade nan* Adan

Ansyen Testaman. *Gade tou nan* Bib; Ekrityo; Pantatèk

Ekrityo ansyen pwofèt ki te aji sou

enflyans Sentespri a epi ki temwaye konsènan Kris la ak pwochen ministè L pandan anpil syèk. Li genyen yon rejis istwa Abraram ak desandan l yo tou, kòmanse avèk Abraram, epi alyans oubyen *testaman*, Senyè a te fè avèk Abraram nan epi avèk desandan l la.

Moyiz te ekri senk premye liv Ansyen Testaman yo. Se Jenèz, Egzòd, Levitik, Nonb, ak Detewonòm. Jenèz pale de orijin tè a, limanite, langaj yo, ras yo, epi kòmmanman kay Izrayèl la.

Liv istorik yo pale sou evènman Izrayèl yo. Liv sa yo se Jozye, Jij, Rit, 1 ak 2 Samyèl, 1 ak 2 Wa, 1 ak 2 Kwonik, Esdras, Neemi, epi Estè.

Liv pwoetik yo genyen ladan yo sajes ak literati pwofèt yo. Se Jòb, Sòm, Pwovèb, Eklezyas, kantik Salomon, epi Lamantasyon yo.

Pwofèt yo te avèti Izrayèl kont peche l yo epi yo te temwaye konsènan benediksyon ki genyen nan obeyisans. Yo te pwofetize konsènan vini Kris la, ki ta pral ekspye peche moun ki repanti yo, ki resevwa òdonans yo, epi ki mete levanjil la an pratik. Liv pwofèt yo se Ezayi, Jeremi, Ezekyèl, Danyèl, Oze, Jowèl, Amòs, Abdyas, Jonas, Miche, Nawoum, Abakik, Sofoni, Aje, Zakari, ak Malachi.

Pi fò nan liv Ansyen Testaman yo te ekri an Ebre. Kèk ekrityo gen Aramik, yon lang ki sanble ak lang Ebre a.

Anti-Nefi-Leyi yo. *Gade tou nan*

Amon, pitit gason Mozya; Elaman, pitit gason yo; Mozya, pitit gason yo

Nan Liv Mòmmon an, yon non Lama-nit pitit gason Mozya yo te konvèti a te pote. Apre konvèsyon yo, moun sa yo ki te pote non, pèp Amon, te fidèl tout lavi yo (Alma 23:4–7, 16–17; 27:20–27).

Yo te pote non Anti-Nefi-Leyi, **Alma** 23:16–17; 24:1. Yo te refize vèsè san epi yo te antere zam yo, **Alma** 24:6–19. Pitit gason yo te pare pou lagè epi yo te chwazi Elaman pou dirijan yo, **Alma** 53:16–19; 56–58 (moun te konnen pitit gason sa yo kòm 2000 jèn gèrye yo).

Antekris

Antekris. *Gade tou nan Dyab*

Nenpòt moun oubyen nenpòt bagay ki kontrekarè vrè plan levanjil sali a epi ki pran pozisyon kont Kris la ouvètmann oubyen sekretman. Jan, Revelatè a te de-kri antekris kòm yon mèt dam (1 Jn. 2:18–22; 4:3–6; 2 Jn. 1:7). Gran antekris la se Lisifè, men li gen anpil asistan, ni pèsou-naj lespri ni mòtèl.

Pitit pèdisyon opoze l epi li Egzalte tèt li pi wo pase tout bagay ki konsène Bondye, **2 Tes.** 2:1–12. Li itilize mirak pou l twonpe moun ki abite sou tè a, **Apok.** 13:13–17.

Cherèm te nye Kris la epi li te twonpe anpil moun, **Jakòb** 7:1–23. Neyò te anseye fo doktrin, li te tabli yon legliz, epi li te entwodui rivalite, **Alma** 1:2–16. Koriyò te ridikilize Kris, Ekspyasyon an, ak lespri pwofesi a, **Alma** 30:6–60.

Antrèd. *Gade tou nan Fè lacharite, lacharite; Jèn, jene; Ofrann; Pòv; Sèvis*

Pwosesis ak mwayen pou satisfè bezwen tanporèl ak espirityèl moun.

Louvri men w laj bay frè w, pòv ou yo, ak moun ki gen bezwen nan peyi w, **Det.** 15:11. Yon moun ki bay pòv, moun sa a p ap nan bezwen, **Pwov.** 28:27. Èske se pa jèn m te chwazi a? pou w bay moun ki grangou pen w, pou w mennen pòv yo nan kay ou, **Eza.** 58:6–7.

M te grangou epi w te ban m manje; m te yon etranje epi w te fè m antre. Lè w fè sa pou youn nan pi pòv nan pami frè m yo, se pou mwen w fè l, **Mat.** 25:35–40.

Separe byen w bay moun ki nan bezwen, **Mozya** 4:16–26. youn te bay lòt tanporèlman epi espirityèlman dapre nesesite yo ak bezwen yo, **Mozya** 18:29. Yo te resevwa kòmandman pou yo jene epi priye ansanm pou byennèt moun ki pa t konnen Bondye, **Alma** 6:6. Priye pou byennèt ou epi pou byennèt moun ki alantou w yo, **Alma** 34:27–28. Yo te gen tout bagay an komen nan pami yo, **4 Ne.** 1:3.

Sonje pòv yo, **D&A** 42:30–31. Vizite pòv yo ak moun ki nan bezwen yo,

D&A 44:6. Nan tout bagay, sonje pòv yo ak moun ki nan bezwen yo, **D&A** 52:40. Malè w, moun rich ki pa vle bay pòv nan byen w, epi malè w, moun pòv ki pa satisfè, ki ava epi ki pa vle travay, **D&A** 56:16–17.

Nan Siyon, pa t gen pòv nan pami yo, **Moyiz** 7:18.

Anven, vanite. *Gade tou nan Lògèy; Mondanite*

Foste oubyen twonpri; lògèy. *Anven* ak *vanite* kapab vle di vid oubyen san valè tou.

Yon moun ki pa leve nanm li nan vanite, li pral kanpe nan kote sen Senyè a, **Sòm** 24:3–4.

Lè w priye, pa itilize repetisyon anven, **Mat.** 6:7.

Gwo kay laj la se imajinasyon anven ak lògèy, **1 Ne.** 12:18. Èske w ap pèsiste mete lide w sou vanite mond lan, **Alma** 5:53. Pa chèche bagay anven mond sa a, paske w pa kapab pote yo avèk ou, **Alma** 39:14.

Vanite ak enkwasyon te lage Legliz la anba kondanasyon, **D&A** 84:54–55. Lè nou eseye satisfè anbisyon anven nou yo, syèl la wete kè l, **D&A** 121:37.

Anvi. *Gade tou nan Jalou, jalouzi; Konvwate*

Daprè ekriti yo, li pa bon lè yon moun vle yon bagay ki pou yon lòt moun.

Patriyach yo te gen anvi, yo te vann Jo-zèf bay Ejip, **Tra.** 7:9. Charite pa anvyè, **1 Kor.** 13:4 (Mowo. 7:45). Anvi soti nan lògèy, **1 Tim.** 6:4. Kote ki gen anvi, gen konfizyon ak tout move zèv, **Jak** 3:16.

Senyè a te kòmande lèzòm pou yo pa anvyè, **2 Ne.** 26:32. Pa t gen anvi nan pami pèp Nefi a, **4 Ne.** 1:15–18.

Tout lavi m, se te toujou sò pa m pou m soufri anba anvi avèk kòlè lèzòm, **D&A** 127:2.

Aparans Figi

Aparans jeneral nan figi yon moun, ki souvan fè parèt atitud espirityèl ak eta lespri a.

Aparans yo temwaye kont yo, **Eza.** 3:9.

Aparans wa a te chanje epi panse l yo te nwi l, **Dan.** 5:6.

Aparans li te tankou zeklè, **Mat.** 28:3. Aparans li te tankou solèy la, **Apok.** 1:16.

Èske w te resevwa imaj Bondye nan aparans ou, **Alma** 5:14, 19. Amon te wè aparans wa a chanje, **Alma** 18:12.

Jene epi priye avèk kè kontan epi avèk yon aparans souriyan, **D&A** 59:14–15. Aparans li te pi klere pase limyè solèy la, **D&A** 110:3.

Apèl ak eleksyon. *Gade tou nan Eleksyon*

Moun jis k ap suiv Kris yo kapab vin konte pami eli ki gen asirans Egzaltasyon yo. Apèl ak eleksyon sa a kòmanse avèk repantans ak batèm. Li vin konplè lè yo “avanse, fete nan pawòl Kris yo, epi pè-severe jis nan finisman” (2 Ne. 31:19–20). Ekrityo rele pwosedi sa a asire apèl ak eleksyon nou (2 Pyè 1:4–11; **D&A** 131:5–6).

W ap tounen yon wayòm prèt pou mwen, **Egz.** 19:5–6 (**Apok.** 1:6).

Depi nan kòmansman, Bondye te chwazi eli yo pou sali, **2 Tes.** 2:13. Fè dilijans pou w kapab asire apèl ou ak eleksyon w, **2 Pyè** 1:10.

Senyè a kapab sele w kòm pa l, **Mozya** 5:15. M fè alyans avèk ou pou w kapab gen lavi etènèl, **Mozya** 26:20.

Detantè prèttriz ki fidèl yo vin tounen Legliz la ak eli Bondye yo, **D&A** 84:33–34. Vrè pawòl pwofesi a siyifi lè yon moun konnen li sele pou lavi etènèl, **D&A** 131:5–6. M sele Egzaltasyon sou tèt ou, **D&A** 132:49.

Aple, Bondye te aple, apèl. *Gade tou nan Chwazi (adjektif oubyen non); Chwazi (vèb); Entandan, entandans; Òdinasyon, òdone; Otorite*

Resevwa apèl nan men Bondye vle di yon chaj oubyen yon envitasyon nan men L oubyen dirijan nan Legliz Li a ki gen otorite tout bon an, pou sèvi L nan yon fason patikilye.

Li te enpoze men sou li epi li te ba l yon chaj, **Nonb** 27:23. m òdone w kòm pwofèt, **Jer.** 1:5.

m te chwazi w epi m te òdone w, **Jan** 15:16. Pòl te resevwa apèl pou l vin yon apot, **Wom.** 1:1. Pèsonn pa kapab pran onè sa a sou tèt pa l, san Bondye pa aple l, **Ebre** 5:4. Bondye te aple Jezi daprè ran Mèlkisedèk la, **Ebre** 5:10.

m te resevwa apèl pou m preche pawòl Bondye daprè lespri revelasyon ak lespri pwofesi, **Alma** 8:24. Prèt yo te resevwa apèl pou yo te prepare depi nan fondasyon mond lan, **Alma** 13:3.

Si w vle sèvi Bondye, ou resevwa apèl, **D&A** 4:3. Kenbe fèm nan travay mwen te ba ou a, **D&A** 9:14. Ou pa dwe panse w gen apèl pou w preche jistan w resevwa apèl, **D&A** 11:15. Ansyen yo resevwa apèl pou yo rasanble moun eli yo, **D&A** 29:7. Pèsonn pa dwe preche levanjil mwen an ni bati Legliz mwen an san li pa òdone, **D&A** 42:11. Gen anpil ki resevwa apèl, men pa anpil te chwazi, **D&A** 121:34.

Lèzòm dwe resevwa apèl nan men Bondye, **AL** 1:5.

Apokalips. *Gade tou nan Jan, pitit gason Zebede*

Dènye liv nan Nouvo Testaman an. Li kapab vle di tou nenpòt revelasyon remakab. Soti nan yon mo Grèk ki vle di “revele” oubyen “dekouvri.” Ki se revelasyon Jan, Apot la te resevwa a. Li te gen pèmision pou l wè istwa mond lan, espesyalman dènye jou yo (**Apok.** 1:1–2; 1 Ne. 14:18–27; **D&A** 77).

Jan te resevwa revelasyon sa a nan jou Senyè a, sou zile Patmòs la (**Apok.** 1:9–10), pre rivaj Azi a, pa twò lwen Efèz. Moun pa konnen dat ekzat revelasyon an.

Nou jwenn kle pou konprann liv la nan 1 Nefi 14:18–27 ak Doktrin ak Alyans 77 (**Etè** 4:15–16).

Chapit 1–3 se entwodiksyon liv la ak lèt pou sèt legliz Azi yo. Jan te ekri lèt yo pou l te kapab ede Sen yo rezoud kèk pwoblèm. Chapit 4–5 anrejistre vizyon Jan te resevwa ki te montre grandè ak pouvwa jis Bondye ak Kris la. Nan chapit 6–9, 11, Jan anrejistre yon liv li te wè ki te sele avèk sèt so, epi chak so

Apokrif

te reprezante mil ane istwa tanporèl tè a. Chapit sa yo pale prensipalman sou evènman ki nan setyèm so a (gade nan Apok. 8–9; 11:1–15). Chapit 10 dekri yon liv Jan te manje. Liv la reprezante yon misyon lavni li te gen pou l akonpli. Chapit 12 anrejistre yon vizyon konsènan mal ki te kòmanse nan syèl la lè Satan te fè rebèl epi yo te chase l. Lagè ki te kòmanse a kontinye fèt sou tè a. Nan chapit 13, 17–19, Jan dekri wayòm mechan yo sou tè a ki anba kontwòl Satan, epi li anrejistre sò yo ak destriksyon final mal. Chapit 14–16 dekri jistis Sen yo nan mitan mal yon ti tan anvan dezyèm vini Kris la. Chapit 20–22 dekri Milenyòm nan, bèl vil Nouvo Jerizalèm nan, epi evènman final istwa tè a.

Apokrif. *Gade tou nan* Bib; Ekrityo

Liv sakre pèp Juif yo ki pa t nan Bib Ebre a, men ki nan Bib kèk legliz Kreyen. Liv sa yo gen valè souvan pou makònen Ansyen ak Nouvo Testaman an epi Legliz la konsidere yo kòm lekti ki itil.

Apokrif yo prèske twadui korèkteman, men entèpretasyon yo enkorèk, **D&A** 91:1–3. Apokrif yo kapab benefisyè moun Lespri a enspire, **D&A** 91:4–6.

Apostazi. *Gade tou nan* Rebelyon; Retablisman levanjil la

Lè yon moun, Legliz la, oubyen yon nasyon antye chite.

Apostazi jeneral: Izrayèl te dwe veye pou kè yo pa vire kont Senyè a, **Det.** 29:18. Kote pa gen vizyon, pèp la peri, **Pwov.** 29:18. Yo te vyole alyans etènèl la, **Eza.** 24:5.

Van yo frape kay la, epi li te tonbe, **Mat.** 7:27. m etone wè w tounen si vit ale nan yon lòt levanjil, **Gal.** 1:6.

Yo te kòmanse nan bon chemen an, men yo pèdi nan wout, **1 Ne.** 8:23 (1 Ne. 12:17). Apre yo te fin goute nan fwi a, yo tonbe nan chemen defandi, **1 Ne.** 8:28. Apostazi Nefit te koze yon pyèdachopman pou enkredil yo, **Alma** 4:6–12. Anpil manm nan Legliz la te vin ògeye epi yo te pèsèkite lòt manm, **Ela.** 3:33–34 (Ela. 4:11–13; 5:2–3). Lè Senyè a pwospere pèp

li a, kèk fwa yo fè kè di epi yo bliye l, **Ela.** 12:2; 13:38. Nefit yo te fè kè di epi yo tonbe anba pouvwa Satan, **3 Ne.** 2:1–3. Mowoni te pwofetize konsènan apostazi nan dènnye jou yo, **Mòm.** 8:28, 31–41.

Apostazi ap presede Dezyèm vini Kris la, **D&A** 1:13–16.

Apostazi legliz Kreyen lontan an: Pèp sa a apwoche kote m avèk bouch yo, **Eza.** 29:10, 13. Tenèb ap kouvri tè a, **Eza.** 60:2. Senyè a ap veye yon famin pou tande pawòl Senyè yo, **Amòs** 8:11.

Gen fo Kris ak fo pwofèt k ap leve, **Mat.** 24:24. Lou mechan ap antre nan pami w, **Tra.** 20:29. m etone wè w wete kò bò kote l si vit, **Gal.** 1:6. Ap gen yon chita anvan Dezyèm vini Kris la, **2 Tes.** 2:3. Kèk moun nan erè konsènan verite a, **2 Tim.** 2:18. Kèk moun gen yon aparans sentete men yo nye pouvwa ki ladann nan, **2 Tim.** 3:2–5. Gen yon tan k ap vini, yo p ap sipòte bon doktrin, **2 Tim.** 4:3–4. Ap gen fo pwofèt ak fo enstriktè nan pami pèp la, **2 Pyè** 2:1. Kèk moun drive pou yo nye sèl Senyè Bondye a, **Jid** 1:4. Kèk moun te di yo se Apot men se pa t vre, **Apok.** 2:2.

Nefi te wè fòmasyon yon gran legliz abominab, **1 Ne.** 13:26. Janti yo te trebiche epi yo te bati anpil legliz, **2 Ne.** 26:20.

Yo te distans yo lwen òdonans mwen yo epi yo te vyole alyans etènèl mwen an, **D&A** 1:15. Tenèb kouvri tè a epi tenèb sal kouvri lespri pèp la, **D&A** 112:23.

Joseph te aprann tout lòt legliz yo te fo; kè yo te lwen Bondye, **I—JS** 1:19.

Apot. *Gade tou nan* Disip; Revelasyon

Nan Grèk, *Apot* vle di “yon moun yo veye.” Sete tit Jezi te bay Douz òm yo Li te chwazi epi Li te òdone pou sèvi kòm disip ak èd ki pi pre L yo, pandan ministè Li sou tè a (Lik 6:13; Jan 15:16). Li te veye yo ale reprezante L epi pou yo travay pou Li lè L te fin Monte nan syèl. Ni nan ansyen ni nan nouvo Kowòm Douz Apot yo ki nan Legliz ki te retabli jodi a, yon Apot se yon temwen espesyal Jezikri nan tout mond lan pou temwaye konsènan divinite Li ak rezirèksyon Li pami mò yo (Tra. 1:22; D&A 107:23).

Legliz Kris la te bati sou fondasyon Apot ak pwofèt, **Efe.** 2:20; 4:11.

Leyi ak Nefi te wè douz Apot yo ki t ap suiv Jezi, **1 Ne.** 1:10; 11:34. Apot yo gen pou yo jije kay Izrayèl la, **Mòm.** 3:18.

Moun ki pa koute pawòl pwofèt ak Apot yo ap rejte, **D&A** 1:14 (3 Ne. 12:1). Apèl ak misyon Douz yo te revele, **D&A** 18:26–36. Joseph Smith te òdone kòm Apot, **D&A** 20:2; 21:1. Apot yo se temwen espesyal non Kris la epi yo pote kle ministè a, **D&A** 27:12 (D&A 112:30–32). Douz Apot yo fòme yon kowòm ki egal nan otorite avèk Premye Prezidanans la, **D&A** 107:23–24. Douz yo se yon Gran Konsèy Prezidanans ki vwayaje, **D&A** 107:33. Apot yo gen kle pou travay misyonè, **D&A** 107:35. Kèk nan responsablite Apot yo dekri, **D&A** 107:58. M di tou Douz yo konsa: suiv mwen, epi nourri brebi m yo, **D&A** 112:14–15.

Nou kwè nan apot, **AL** 1:6.

Seleksyon Apot yo: Senyè a chwazi Apot yo (Jan 6:70; 15:16).

Nan disip li yo Jezi te chwazi douz Apot, **Lik** 6:13–16. Matyas te chwazi kòm Apot, **Tra.** 1:21–26.

Oliver Cowdery ak David Whitmer te resevwa kòmandman pou chèche Douz yo, **D&A** 18:37–39.

Asa

Nan Ansyen Testaman an, twazyèm wa Jida a. Ekriti yo raple nou “kè li te pafè avèk Senyè a pandan tout lavi l” (1 Wa 15:14). Pandan gouvènman l lan li te fè lame a vin efikas li te ranvèse okipasyon Etyopyen yo, wete fo idòl yo, epi li te envite pèp la fè yon alyans avèk Jewova (1 Wa 15–16; 2 Kwo. 14–16). Sepandan, lè l te vin malad nan pye l la, li pa t chèche èd Senyè a e li te mouri (1 Wa 15:23–24; 2 Kwo. 16:12–13).

Asansyon. *Gade tou nan* Dezyèm Vini Jezikri; Jezikri

Monte ofisyèl Sovè a lè l te kite tè a, 40 jou apre Rezirèksyon L nan. Asansyon te fèt nan yon zòn sou Mòn Olivye a nan prezans disip yo (Mak 16:19; Lik 24:51). Lè sa a de zanj ki te sot nan syèl la te

temwaye fè konnen nan lavni, Senyè a t ap retounen “menm jan” (Tra. 1:9–12).

Asè. *Gade tou nan* Izrayèl; Jakòb, pitit gason Izarak

Nan Ansyen Testaman an, yon pitit gason Jakòb ak Zilpa, bòn Leya a (Jen. 30:12–13).

Tribi Asè a: Jakòb beni Asè (Jen. 49:20), epi Moyiz te beni desandan Asè yo (Det. 33:1, 24–29). Desandan sa yo te rele “gran gason ki gen valè” (1 Kwo. 7:40).

Asiri

Yon ansyen wayòm, ansanm avèk rival li a, Babilòn, li te gouvène yon gwo pati nan ansyen eta Siri ak Filisti an, pandan prèske tout epòk Ansyen Testaman an. Byenke Asiryen yo te yon gwo pui sans depi nan mwatye 12 zyèm syèk ANVAN JEZIKRI jis nan finisman 7 tyèm syèk ANVAN JEZIKRI, yo pa t janm kapab bati yon estrikti politik estab. Yo te gouvène avèk raj, yo te kraze ènmi yo avèk dife, epe oubyen depòte gran pòsyon nan yon popilasyon nan lòt pati nan wayòm nan pou afebli yo. Moun yo ki te anba gouvènman Asiri yo pa t janm sispann batay kont gouvènman an. (Gade nan 2 Wa 18–19; 2 Kwo. 32; Eza. 7:17–20; 10; 19; 37.)

Atik Lafwa yo. *Gade tou nan* Pèl Gran Pri; Smith, Joseph, pitit la

Trèz pwen kwayans fondamantal manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo adopte.

Premyefwa lèt li te voye bay John Wentworth se te nan yon redak *Chicago Democrat* la, kòm repons pou demand li te fè pou l konnen nan ki sa manm Legliz la te kwè. Yo te vin konnen lèt la kòm Wentworth la epi li te pibliye pou premye fwa nan *Times and Seasons* nan Mas 1842. Nan 10 Oktòb 1880, avèk vot manm Legliz yo, Atik Lafwa yo te aksepte ofisyèlman kòm ekriti epi yo te fè pati nan Pèl Gran Pri a.

Avèti, avètisman. *Gade tou nan* Santinèl, veye

Bay siyal oubyen avètisman. Pwofèt

Avoka

yo, dirijan yo, ak paran yo avèti epi yo anseye lòt moun pou yo obeyi Senyè a ak ansèyman Li yo.

Jakòb te avèti pèp Nefi a kont chak ka-lite peche, **Jakòb** 3:12.

Vwa avètisman an pou tout moun, **D&A** 1:4. Se pou predikasyon w sèvi kòm vwa avètisman an, **D&A** 38:41. Jodi a se yon jou avètisman, **D&A** 63:58. Chak moun ki te resevwa avètisman dwe avèti vwazen l, **D&A** 88:81. m te ba w pawòl sajès sa a pou m te avèti epi m te deja avèti w, **D&A** 89:4.

Avoka. *Gade tou nan* Jezikri

Jezikri se Avoka nou devan Papa a (Mowo. 7:28) epi li plede koz nou devan L.

Jezikri se avoka nou devan Papa a, **1 Jn.** 2:1 (**D&A** 110:4).

Jezi ap plede pou tout moun, **2 Ne.** 2:9 (Ebre 7:25). Jezi te gen viktwa sou lanmò, sa ba l pouvwa pou l plede pou lèzòm, **Mozya** 15:8.

M se avoka nou devan Papa a, **D&A** 29:5. Jezikri ap plede koz ou, **D&A** 45:3–5.

Awomat Galaad

Yon gonm pafime oubyen epis moun itilize pou geri blese (Jen. 43:11; Jer. 8:22; 46:11; 51:8). Yon kalite raje ki produi gonm ki sèvi pou fè awomat te grandi tèlman an kantite nan Galaad nan epòk Ansyen Testaman ke, yo te vin rele awomat la “awomat Galaad” (Jen. 37:25; Ezek. 27:17).

Baal. *Gade tou nan* Idolatri

Yon dye-solèy gason yo te adore espesyalman nan peyi Fenisi (1 Wa 16:31) men yo te adore l plizyè fason ak plizyè kote: Moabit yo te adore l sou non Baal-peyò (Nonb 25:1–3), nan Sichèm sou non Baal-berit (Jij 8:33; 9:4), nan Ekron sou non Baal-zebib (2 Wa 1:2). Baal kapab byen se menm avèk Bèl Babilòn la epi avèk Zeyis Grèk la. Mo *Baal* la montre relasyon ant yon mèt avèk esklav li. Senbòl abityèl pou Baal la se te yon yon

toro bèf. Astate te dye fi moun te toujou adore avèk Baal la.

Kèk fwa, *Baal* te konbine avèk yon lòt non oubyen mo pou endike yon koneksyon avèk Baal, tankou yon kote yo te adore l oubyen yon moun ki te gen menm karaktè avèk li. Apre sa, paske *Baal* te vin gen trè move siyifikasyon, mo *Bochèt* la te ranplase l pou tout non konpoze sa yo ansanm. *Bochèt* vledi “wont.”

Babèl, Babilòn. *Gade tou nan* Mond; Nebikadnezha

Kapital Babiloni.

Babèl te youn nan vil pi ansyen nan peyi Mezopotami oubyen Chinaea, epi se Nimròd ki te fonde l (Jen. 10:8–10). Senyè a te konfonn lang yo a nan epòk pèp la t ap bati Toudebabèl la (Jen. 11:1–9; Etè 1:3–5, 33–35). Apre sa Babilòn te vin tounen kapital Nebikadnezha. Li te bati youn gran vil epi tras vil la Egziste jodi a ankò. Babilòn te tounen yon vil mechan anpil epi depi lè sa a li te vin senbolize mechanste mond lan.

Soti nan mitan Babilòn, **Jer.** 51:6.

Babilòn ap tabli epi l ap tonbe, **Apok.** 17–18.

Babilòn ap detwi, **2 Ne.** 25:15.

Babilòn ap tonbe, **D&A** 1:16. m p ap epanye okenn moun ki rete nan Babilòn, **D&A** 64:24. soti nan Babilòn, **D&A** 133:5, 7, 14.

Balaram

Yon pwofèt nan Ansyen Testaman an ki te vle modi Izrayèl pou lajan. Senyè a te kòmande l pou l pa modi Izrayèl (Nonb 22–24).

Bourik Balaram nan te refize mache paske yon zanj te kanpe nan wout li, **Nonb** 22:22–35.

Banabas

Non yo te bay Jozèf (li te rele Joze tou), yon Levit ki te moun Chip, ki te vann tè li epi ki te bay Apot yo lajan an (Tra. 4:36–37). Byenke li pa t youn nan Apot orijinè yo, li te vin tounen yon Apot (Tra. 14:4, 14) epi li te vwayaje ale fè plizyè misyon

(Tra. 11:22–30; 12:25; 13–15; 1 Kor. 9:6; Gal. 2:1, 9; Kol. 4:10).

Banyè

Nan ekriti yo, yon drapo oubyen yon chapo kote pèp la rasanble pou menm bi ak menm idantite. Nan tan lontan yon banyè te sèvi kòm yon pwen pou rasanbleman sòlda nan batay. Liv Mòmou an ak Legliz Jezikri a se banyè senbolik pou tout nasyon sou tè a.

Li pral leve yon banyè pou tout nasyon yo, **Eza.** 5:26 (2 Ne. 15:26). youn nan rasin Izayi yo sèvi kòm yon banyè, **Eza.** 11:10 (2 Ne. 21:10; D&A 113:6).

Leve yon banyè lapè, **D&A** 105:39.

Barabas

Nonm yo te lage tan pou yo te lage Jezi a nan epòk Krisifiksyon an. Barabas te yon Zenglendou, yon Chimè, yon ansasen ak yon vòlè (Mat. 27:16–26; Mak 15:6–15; Lik 23:18–25; Jan 18:40).

Batcheba. *Gade tou nan David*

Madanm Iri; pita, madanm David epi manman Salomon. Wa David te fè adiltè avèk li. Li te ranje pou fè touye mari l nan batay (2 Sam. 11), peche sa a gen konsekans etènèl pou David (D&A 132:39).

Batèlmi. *Gade tou nan Natanayèl*

Nan Nouvo Testaman an, youn nan Douz Apot orijinè Jezikri yo (Mat. 10:2–4).

Batèm, batize. *Gade tou nan Batèm timoun piti; Fèt ankò, fèt nan Bondye; Òdonans yo; Sentespri*

Mo yo itilize nan tèks Grèk original la vle di “tranpe” oubyen “plonje.” Batèm pa imèsyon ki fèt pa yon moun ki gen otorite se òdonans ki entwodui levanjil la epi li nesèsè pou yon moun ki vle vin manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Li vini apre lafwa nan Jezikri ak repantans. Don Sentespri a dwe vin apre sa l pou l kapab konplè (2 Ne. 31:13–14). Batèm nan dlo ak Lespri a nesèsè anvan yon moun kapab antre nan wayòm selès la. Adan se te premye moun ki te batize (Moyiz 6:64–65). Jezi te batize tou

pou l akonpli tout jistis epi pou l montre tout limanite chemen an (Mat. 3:13–17; 2 Ne. 31:5–12).

Paske tout moun sou tè a pa gen opòtinite pou aksepte levanjil la pandan lavi mòtèl la, Senyè a te bay otorizasyon pou batèm pa pwokirasyon kapab fèt pou mò yo. Se poutèt sa, moun ki aksepte levanjil la nan mond dèzespri kapab kalifye pou yo antre nan Wayòm Bondye a.

Lesansyèl: Aksepte sa fèt kounyeya pou tout jistis kapab akonpli, **Mat.** 3:15. Jezi te vini epi Jan te batize l, **Mak** 1:9. Farizyen yo ak avoka yo te rejte konsèy Bondye, yo pa t batize, **Lik** 7:30. Si yon moun pa fèt nan dlo ak nan Lespri a, li pa kapab antre nan wayòm Bondye a, **Jan** 3:5. Repanti epi batize, chak moun nan pami, **Tra.** 2:38.

Li kòmande tout moun pou yo batize nan non l, **2 Ne.** 9:23–24. Lèzòm dwe suiv Kris, batize, resevwa Sentespri a, epi andire jis nan finisman an pou yo kapab sove, **2 Ne.** 31. Doktrin Kris la, se pou tout moun kwè epi pou yo batize, **3 Ne.** 11:20–40.

Moun ki pa kwè nan pawòl ou yo epi ki pa batize nan dlo nan non m, y ap kondane, **D&A** 84:74.

Bondye te esplike Adan poukisa batèm ak repantans nesèsè, **Moyiz** 6:52–60.

Batèm pa imèsyon: Lè Jezi te fin batize, li te soti tou dwat nan dlo a, **Mat.** 3:16 (Mak 1:10). Jan t ap batize moun nan Aenon paske kote a te gen anpil dlo, **Jan** 3:23. Filip ak enik la te desann nan dlo a, **Tra.** 8:38. Nou antere avè l nan batèm, **Wom.** 6:4 (Kol. 2:12).

suiv Senyè a ak Sovè w la nan dlo a, **2 Ne.** 31:13. Alma, Elam, ak lòt yo te antere nan dlo a, **Mozya** 18:12–16. Apre sa w pral plonje yo nan dlo a, **3 Ne.** 11:25–26.

Fason reyèl batèm nan dwe fèt la esplike, **D&A** 20:72–74. Yo te batize menm jan ak antèman, yo te antere nan dlo a nan non l, **D&A** 76:50–51.

Adan te kouche anba dlo a epi li te soti nan dlo a, **Moyiz** 6:64. Batèm dwe fèt pa imèsyon pou padon peche, **AL** 1:4.

Batèm timoun piti

Batèm pou padon peche: Leve epi batize, epi lave peche w yo, **Tra.** 22:16.

Apre batèm, dife ak Sentespri a pote padon peche w yo, **2 Ne.** 31:17. Vini epi batize pou repantans pou w kapab lave soti nan peche w yo, **Alma** 7:14. Moun ki kwè epi ki batize ap beni, paske y ap resewva padon pou peche yo, **3 Ne.** 12:1–2.

Deklare repantans ak lafwa nan Sovè a ak padon pou peche pa mwayen batèm, **D&A** 19:31.

Nou kwè nan batèm pa imèsyon pou padon peche, **AL** 1:4.

Otorite apwopriye: Ale preche tout nasyon nan non Papa a, Pitit Gason an ak Sentespri a, **Mat.** 28:19 (**D&A** 68:8).

Limì ak anpil nan moun li yo te vle batize, men pa t gen okenn moun nan peyi a ki te resewva otorite nan men Bondye, **Mozya** 21:33. m ba w pouwva pou w batize, **3 Ne.** 11:19–21.

Prètriz Aawon an gen kle batèm pa imèsyon pou padon peche, **D&A** 13. Se yo menm mwen òdone pou fè batèm nan non m, **D&A** 18:29.

JanBatis te bay Joseph Smith ak Oliver Cowdery otorite pou yo fè batèm, **I—JS** 1:68–69.

Kalifikasyon pou batèm: Repanti w, epi batize nan non Pitit Gason Byenneme m nan, **2 Ne.** 31:11. Ou dwe repanti epi w dwe fèt ankò, **Alma** 7:14. Pa batize san dinyite, **Mòm.** 9:29. Anseye paran yo pou yo repanti, pou yo batize epi pou yo imilye tèt yo, **Mowo.** 8:10.

Kalifikasyon pou moun ki vle batize yo tabli, **D&A** 20:37. Timoun dwe batize pou peche yo lè yo gen ywit ane, **D&A** 68:25, 27.

Alyans ki fèt nan batèm: Ou te fè alyans avè l pou w sèvi l epi pou w respekte kòmandman li yo, **Mozya** 18:8–10, 13.

Moun ki repanti, ki pran non Kris la, epi ki detèmine pou sèvi l, kapab batize, **D&A** 20:37.

Batèm pou mò yo: Ki sa moun ki batize pou mò yo ap fè, **1 Kor.** 15:29.

Batèm pou padon peche, **D&A** 124:29; 127:5–9; 128:1; 138:33.

Batèm pa pou timoun piti: Se yon mokri sakre devan Bondye pou w ta batize timoun piti, **Mowo.** 8:4–23.

Timoun dwe batize lè yo gen ywit ane, **D&A** 68:27. Tout timoun ki mouri anvan yo gen laj rezon yo sove epi yo pral nan wayòm selès, **D&A** 137:10.

Batèm timoun piti. *Gade tou nan* Batèm, batize—Batèm pa pou timoun piti; Responsab, responsablite; Sali—Sali timoun; Timoun, timoun yo

Se yon pratik ki pa nesèsè lè yo batize bebe ak timoun piti ki poko gen laj responsablite a se uitan. Senyè a kondane batèm timoun piti (**Mowo.** 8:10–21). Timoun piti fèt inosan epi yo san peche. Satan pa gen pouwva pou l tante timoun piti jistan yo kòmanse vin responsab (**D&A** 29:46–47) konsa, yo pa bezwen ni repanti ni batize. Timoun ta dwe batize lè yo gen uitan (**D&A** 68:25–27).

Batis. *Gade nan* Janbatis

Bato. *Gade tou nan* Delij nan epòk Noye a; Lakansyèl; Noye, patriyach bibli

Nan Ansyen Testaman an, bato Noye te bati pou l te prezève lavi pandan gran Delij la.

Fè yon bato avèk bwa pichpen, **Jen.** 6:14. Bato a te repoze sou mòn Arara a, **Jen.** 8:4.

Bato Jaredit yo te fèmen menm jan ak bato Noye a, **Etè** 6:7.

Benjamin, papa Mozya. *Gade tou nan* Mozya, pitit gason Benjamin

Yon wa ak pwofèt nan Liv Mòm on an (**Mozya** 1–6).

Li te rankontre anpil pwoblèm lè l t ap tabli lapè nan peyi a, **Omni** 1:23–25 (**P—M** 1:12–18). Li te anseye pitit gason li yo, **Mozya** 1:1–8. Te pase wayòm nan bay Mozya, pitit gason li a, **Mozya** 1:9–18. Pèp li a te rasanble pou tande mesaj final li a, **Mozya** 2:1–8. Te pale avèk pèp li a, **Mozya** 2:9–4:30. Pèp li a te fè yon alyans avèk Senyè a, **Mozya** 5–6.

Benjamen, pitit gason Jakòb. *Gade tou nan Izrayèl; Jakòb, pitit gason Izarak*

Nan Ansyen Testaman an, dezyèm pitit gason Jakòb ak Rachèl la (Jen. 35:16–20).

Tribi Benjamen an: Jakòb te beni Benjamen (Jen. 49:27). Desandan Benjamen yo se te yon ras gèrye. De Benjamit enpòtan se te Sayil, premye wa Izrayelit la (1 Sam. 9:1–2), ak Pòl, Apot Nouvo Testaman an (Wom. 11:1).

Bèje. *Gade tou nan Bon Bèje; Jezikri*

Senbolikman, yon moun ki pran swen pitit Senyè a.

Senyè a se bèje m, **Sòm** 23:1. Bèje yo dwe nourri twoupo a, **Ezek.** 34:2–3.

Bèlchaza. *Gade tou nan Babèl, Babilòn*

Nan Ansyen Testaman an, dènye wa Babilòn nan, ki te gouvène anvan Siris te konkeri Babilòn; pitit gason ak siksesè Nebikadneza a (Dan. 5:1–2).

Benediksyon, beni. *Gade tou nan*

Administrasyon pou malad;
Benediksyon patriyikal yo; Gras;
Lwa; Rekonesan, remèsiman

Konfere pouvwa diven sou yon moun. Si gen yon bagay ki pote bonè toutbon, byennèt, oubyen pwosperite, se yon benediksyon.

Tout benediksyon baze sou lalwa etènèl (D&A 130:20–21). Paské Bondye vle pitit Li yo jwenn lajwa nan lavi a (2 Ne. 2:25), Li ba yo benediksyon kòm rezilta obeyisans yo nan kòmandman Li yo (D&A 82:10), kòm repons yon priyè oubyen yon òdonans prèttriz la (D&A 19:38; 107:65–67), oubyen nan gras Li (2 Ne. 25:23).

Beyatitid yo se yon lis pawòl popilè konsènan benediksyon (Mat. 5:1–12; 3 Ne. 12:1–12).

Jeneral: M ap fè w tounen yon gran nasyon, epi m ap beni w, **Jen.** 12:2–3 (1 Ne. 15:18; Abr. 2:9–11). Gen benediksyon sou tèt moun ki jis yo, **Pwov.** 10:6. Yon moun ki fidèl ap gen anpil benediksyon, **Pwov.** 28:20. Senyè a ap louvri fenèt syèl la epi

Benediksyon patriyikal yo

l ap vide benediksyon sou ou, **Mal.** 3:10 (3 Ne. 24:10).

Beyatitid yo pwomèt benediksyon, **Mat.** 5:1–12 (3 Ne. 12:1–12). Moun ki resevwa envitasyon nan dine maryaj ti mouton an, ap beni, **Apok.** 19:9.

Yon moun ki jis, Bondye ap favorize l, **1 Ne.** 17:35 (Mozya 10:13). Si w koute m, m ap kite yon benediksyon pou ou, **2 Ne.** 1:28. M ap kite menm benediksyon an pou ou, **2 Ne.** 4:9. Li beni w imedyatman, **Mozya** 2:24. Senyè a beni epi li pwosperite moun ki mete konfyans nan li, **Ela.** 12:1.

Bay asistans nan travay mwen an epi w ap beni, **D&A** 6:9. Priye tout tan, epi w ap gen gran benediksyon, **D&A** 19:38. Batize epi w ap resevwa Lespri m ak yon benediksyon pi gran pase sa w pa t janm genyen, **D&A** 39:10. Apre anpil tribilasyon, benediksyon yo vini, **D&A** 58:4. Lèzòm pa obeyi; m wete epi yo pa resevwa benediksyon an, **D&A** 58:32. Ou pa konprann ki gran benediksyon Papa a te prepare pou ou, **D&A** 78:17. Administrasyon òdonans ak benediksyon legliz la soti nan gran prèttriz la, **D&A** 107:65–67. Tout benediksyon depann sou yon lwa, **D&A** 130:20. Tout moun ki jwenn yon benediksyon nan men m dwe respekte lwa a, **D&A** 132:5. Benediksyon rezève pou moun ki renmen Senyè a, **D&A** 138:52.

Abraram te chèche benediksyon zansèt yo ak dwa pou l administre yo, **Abr.** 1:2.

Benediksyon timoun: Li mete yo nan bra l epi li beni yo, **Mak** 10:16.

Li pran timoun piti yo youn apre lòt, epi li beni yo, **3 Ne.** 17:21.

Ansyen yo dwe beni timoun nan non Jezikri, **D&A** 20:70.

Benediksyon patriyikal yo. *Gade*

tou nan Ewanjelis; Papa, motèl; Patriyach, patriyikal

Benediksyon patriyach òdone yo bay manm diy Legliz la. Yon benediksyon patriyikal gen konsèy Senyè a pou moun ki resevwa benediksyon an epi li deklare desandan moun sa a nan kay Izrayèl la. Papa yo kapab bay benediksyon espesyal

Betani

kòm patriyach fanmi yo, men benediksyon sa yo pa anrejistre oubyen Legliz la pa konsève yo.

Izrayèl te lonje men dwat li epi li mete l sou tèt Efrayim, **Jen.** 48:14. Jakòb te beni pitit gason l yo ak desandan l yo, **Jen.** 49.

Leyi te beni posterite l yo, **2 Ne.** 4:3–11.

Betani

Vilaj Jezikri te rete a pandan dènye semèn lavi terès Li a (**Mat.** 21:17; **Mak** 11:11). Betani te plase nan zòn sidès Mòn Olivye a, epi se te kote Laza, Mari, ak Mat te moun (**Jan** 11:1–46; 12:1).

Betèl

Nan Ebre, li vle di “kay Bondye” epi li se youn nan kote ki pi sakre nan Izrayèl. Li a anvwon dis mil (16 kilomèt) distans nan nò Jerizalèm. Se la Abram te bati lotèl li a lè li te fèk rive nan Kanaran (**Jen.** 12:8; 13:3). Se la Jakòb te wè nan vizyon yon nechèl ki monte anlè nan syèl la (**Jen.** 28:10–19). Se te youn kote sen nan epòk Samyèl la tou (**1 Sam.** 7:16; 10:3).

Bètleyèm

Yon ti vil ki a senk mil (yuit kilomèt) distans ak Jerizalèm. Nan Ebre, Bètleyèm vle di “kay pen”; yo rele l Efrat tou, ki vle di “pwodikte.” Jezikri te fèt nan Bètleyèm (**Miche** 5:2; **Mat.** 2:1–8). Se la Rachèl te antere (**Jen.** 35:19; 48:7).

Rit ak Boaz te rete la, **Rit** 1:22. Se la Samyèl te wen David, **1 Sam.** 16:1–13; 17:12, 15; 20:6, 28.

Se la Ewòd te fè touye timoun yo, **Mat.** 2:16.

Beyatitid. *Gade tou nan* Diskou sou mòn nan

Yon seri ansèyman Jezi te bay nan diskou sou mòn nan ki dekri yon karaktè espirityèl rafine (**Mat.** 5:3–12; **Lik** 6:20–23). Beyatitid yo ranje nan yon fason ki fè chak deklarasyon ajoute sou sa ki vin anvan l lan. Beyatitid nou jwenn yon rapò pi konplè epi egzat sou beyatitid yo nan **3 Ne.** 12.

Bib. *Gade tou nan* Ansyen Testaman; Apokrif; Efrayim—Bwa Efrayim oubyen Bwa Jozèf; Ekriti yo; Jida—Bwa Jida a; Kanonik; Nouvo Testaman

Yon koleksyon ekriti Ebre ak Kretyen ki gen revelasyon diven. *Mo bib* la vle di “liv yo.” Bib la se travay anpil pwofèt ak ekriyen enspire ki aji sou enfliyan Senespri a (**2 Pyè** 1:21).

Bib Kretyen an gen de pati, ki rele jeneralman Ansyen ak Nouvo Testaman. Ansyen Testaman an gen liv ekriti ki te itilize pami Juif Filisti yo pandan ministè mòtèl Senyè a. Nouvo Testaman an gen ekriti epòk Apostolik la epi yo konsidere ke li gen menm sentete ak otorite avèk ekriti Juif yo. Liv Ansyen Testaman yo soti nan yon literati nasyonal ki kouvri anpil syèk epi yo tout te prèske ekri an Ebre, alòske liv Nouvo Testaman yo se travay yon sèl jenerasyon epi yo te ekri jeneralman an Grèk.

Nan Ansyen Testaman an, mo *testaman* an reprezante youn mo Ebre ki vledi “alyans.” Ansyen Alyans lan se lalwa Moyiz te resevwa lè Izrayèl te rejte plenitid levanjil la pèp Bondye a te genyen depi nan kòmansman mòtalite a. Nouvo Alyans lan se levanjil la jan Jezikri te anseye l la.

Nan Bib Ebre a (Ansyen Testaman an) liv yo te separe fè twa gwoup: Lwa a, Pwofèt yo, ak Ekriti yo. Bib mond Kretyen an itilize a klas liv yo dapre sijè yo, kòm istorik, pwetik, epi pwofetik.

Liv Nouvo Testaman yo plase jeneralman nan lòd sa a: kat Levanjil yo avèk Travay; epit Pòl yo; epit Jak, Pyè, Jan, epi Jid yo; ak Apokalips Jan an.

Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo onore, respekte Bib la epi li afime Senyè a kontinye bay plis revelasyon adisyonèl pa mwayen pwofèt Li yo nan dènye jou yo pou sipòte epi verifye istwa bibliks relasyon Bondye avèk lèzòm.

Bwa Jida a (Bib la) ak bwa Jozèf la (Liv Mòmou an) ap vin tounen youn nan men Senyè a, **Ezek.** 37:15–20.

Ekriti dènye jou yo ap tabli verite Bib la, **1 Ne.** 13:38–40. Bib l ap mete ansanm

ak Liv Mòmmon an pou desann fo doktrin, **2 Ne.** 3:12. Yon Bib! Yon Bib! Nou deja gen yon Bib, **2 Ne.** 29:3–10. Tout moun ki kwè nan Bib l ap kwè nan Liv Mòmmon an tou, **Mòm.** 7:8–10.

Ansyen yo dwe anseye prensip levanjil mwen an, ki nan Bib la ak Liv Mòmmon an, **D&A** 42:12.

Nou kwè Bib la se pawòl Bondye si li twadui kòrèkteman, **AL** 1:8.

Bib, Tradiksyon Joseph Smith (TJS).

Gade nan Tradiksyon Joseph Smith (TJS)

Blasfèm, blasfeme. *Gade tou nan* Peche enpadonab; Pwofanasyon

Pale san respè oubyen san reverans kont Bondye oubyen bagay sakre.

Juif yo te akize Jezi plizyè fwa kòm blasfematè poutèt li te pran dwa pou L padone peche (Mat. 9:2–3; Lik 5:20–21), poutèt Li te rele tèt Li Pitit Gason Bondye a (Jan 10:22–36; 19:7), epi poutèt Li te di y ap wè L chita bò a dwat nèg ki gen pouvwa a, epi L ap vini nan nyaj syèl la (Mat. 26:64–65). Akizasyon sa yo t ap verite si Li pa t tout sa Li te di Li ye yo tout-bon. Akizasyon fo temwen yo te fè kont Li nan jijman devan Sanedren an (Mat. 26:59–61) se te blasfèm kont tanp Bondye a. Blasfèm kont Sentespri a, ki vle di nye Kris la volontèman lè yon moun fin resevwa yon konesans pafè konsènan L, se yon peche enpadonab (Mat. 12:31–32; Mak 3:28–29; D&A 132:27).

Moun ki blasfeme non Senyè a ap pase anba lanmò, **Lev.** 24:11–16.

Senyè a p ap kite ènmi l yo blasfeme non l, **D&A** 105:15. Vanjans ap tonbe sou moun ki blasfeme kont Senyè a, **D&A** 112:24–26.

Boaz. *Gade tou nan* Rit

Mari Rit (Rit 4:9–10); grangran papa David, Wa Izrayèl la (Rit 4:13–17); epi zansèt Kris la, Wa tout Wa yo (Lik 3:32).

Bon Bèje. *Gade tou nan* Jezikri

Jezikri se Bon Bèje a. Senbolikman, disip Li yo tankou twoupo mouton Jezi ap gade.

Senyè a se bèje m, **Sòm** 23:1. Li pral nourri twoupo li a tankou yon bèje, **Eza.** 40:11. Se konsa m ap chèche mouton m yo, **Ezek.** 34:12.

m se bon bèje a, **Jan** 10:14–15. Jezi se gran bèje mouton yo, **Ebre** 13:20.

Li te konte mouton li yo epi yo konnen l, **1 Ne.** 22:25. Bon bèje a rele w nan non l, ki se Kris, **Alma** 5:38, 60. Ap gen yon sèl twoupo, ak yon sèl bèje, **3 Ne.** 15:21 (Jan 10:16).

Bondye, Divinite. *Gade tou nan*

Egzaltasyon; Jezikri; Lavi etènèl; Lèzòm, lòm—Lòm, gen potansyalite pou vin tankou Papa Bondye; Papa ki nan Syèl la; Sentespri; Senyè a

Gen twa pèsónaj separe nan Divinite a: Bondye, Papa Etènèl la; Pitit Gason Li an, Jezikri; ak Sentespri a. Nou kwè nan Yo chak (AL 1:1). Revelasyon nan dènye jou yo anseye nou, Papa a ak Pitit Gason an gen kò chè ak zo tangib epi Sentespri a se yon pèsónaj lespri, ki pa gen chè ak zo (D&A 130:22–23). Twa pèsónaj sa yo fè youn nan inite pafè yo gen menm bi ak menm doktrin (Jan 17:21–23; 2 Ne. 31:21; 3 Ne. 11:27, 36).

Bondye Papa a: An jeneral se a Papa a, oubyen Eloyim tit Bondye a fè moun panse. Yo rele l Papa a paske li se papa lespri nou (Nonb 16:22; 27:16; Mal. 2:10; Mat. 6:9; Efe. 4:6; Ebre 12:9). Papa Bondye se gouvènè siprèm linivè. Li gen tout pouvwa (Jen. 18:14; Alma 26:35; D&A 19:1–3), Li konnen tout bagay (Mat. 6:8; 2 Ne. 2:24), epi Espri Li tout kote (Sòm 139:7–12; D&A 88:7–13, 41). Limanite gen yon relasyon espesyal avèk Bondye ki te mete lèzòm apa pami tout lòt bagay ki te kreye: gason ak fi yo se pitit espirityèl Bondye (Sòm 82:6; 1 Jn. 3:1–3; D&A 20:17–18).

Gen sèlman kèk sikonstans kote yo ekri Papa Bondye te parèt devan moun oubyen te pale avèk moun. Ekriti yo fè konnen Li te pale avèk Adan epi ak Èv (Moyiz 4:14–31) epi Li te prezante Jezikri nan anpil okazyon (Mat. 3:17; 17:5; Jan 12:28–29; 3 Ne. 11:3–7). Li te parèt devan Etyèn (Tra. 7:55–56) ak Joseph Smith

Boukliye

(I—JS 1:17). Apre sa Li te parèt devan Joseph Smith ak Sidney Rigdon ansanm (D&A 76:20, 23). Pou moun ki renmen Bondye epi ki pirifye tèt yo devan L, kèk fwa, Bondye akòde privilèj pou yo wè L epi pou yo konnen L poutèt pa yo se Bondye Li ye (Mat. 5:8; 3 Ne. 12:8; D&A 76:116–118; 93:1).

Bondye m nan, Bondye m nan, poukisa w bliye m, **Mak** 15:34. Moun sa yo se sèvitè Bondye Ki Pi Wo a, **Tra.** 16:17. Nou se pwojeniti Bondye, **Tra.** 17:28–29.

Ou dwe ofri sentsèn ou bay Bondye Ki Pi Wo a, **D&A** 59:10–12.

Enòk te wè lespri Bondye te kreye yo, **Moyiz** 6:36. Non li se Lòm Sentete, **Moyiz** 6:57.

Bondye, Pitit Gason an: Bondye nou konnen kòm Jewova a, se Pitit Gason an, Jezikri (Eza. 12:2; 43:11; 49:26; 1 Kor. 10:1–4; 1 Tim. 1:1; Apok. 1:8; 2 Ne. 22:2). Jezi travay sou zòd Papa a epi Li anamoni avèk Li. Tout limanite se frè L ak sè L, paske Li se pi gran nan pitit lespri Eloyim yo. Kèk referans ekriti sèvi ak mo Bondye a pou Li. Paegzanp, ekriti a di konsa “Bondye te kreye syèl la ak tè a” (Jen. 1:1), men reyèlman se te Jezi ki te Kreyatè a sou zòd Papa Bondye (Jan 1:1–3, 10, 14; Ebre 1:1–2).

Senyè a te idantifye tèt li kòm MWEN, **Egz.** 3:13–16. m se Senyè [Jewova] a, epi apre mwen pa gen lòt sovè, **Eza.** 43:11 (Eza. 45:21).

m se limyè mond lan, **Jan** 8:12. Anvan Abraram te la, m te Egziste, **Jan** 8:58.

Senyè a pral administre nan pami lòt zòm nan yon tabènak aji, **Mozya** 3:5–10. Abinadi te esplike kòman Kris se Papa a ak Pitit Gason an, **Mozya** 15:1–4 (Etè 3:14). Senyè te parèt devan frè Jarèd la, **Etè** 3. Koute pawòl Kris la, ki se Senyè w la ak Bondye w la, **Mowo.** 8:8. Jewova se jij vivan yo ak mò yo, **Mowo.** 10:34.

Jezi te parèt devan Joseph Smith ak Sidney Rigdon, **D&A** 76:20, 23. Senyè Jewova a te parèt nan Tanp Kirtland nan, **D&A** 110:1–4.

Jewova te pale avèk Abraram, **Abr.** 1:16–19. Jezi te parèt devan Joseph Smith, **I—JS** 1:17.

Bondye, Sentespri a: Sentespri a se yon Bondye tou epi yo rele l Lespri Sen an, Lespri a, epi Lespri Bondye a, nan pami lòt non sanblab ak tit yo ba li. Avèk èd Sentespri a, lèzòm kapab konnen volonte Papa Bondye epi yo kapab konnen Jezi se Kris la (1 Kor. 12:3).

Sentespri a pral anseye w sa pou w di, **Lik** 12:12. Sentespri a se Konsolatè a, **Jan** 14:26 (Jan 16:7–15). Jezi te bay Apot yo kòmandman nan Sentespri a, **Tra.** 1:2. Sentespri a rann temwayaj konsènan Bondye ak Kris, **Tra.** 5:29–32 (1 Kor. 12:3). Sentespri a se yon temwen pou nou tou, **Ebre** 10:10–17.

Avèk pouvwa Sentespri a, ou kapab konnen verite ki gen nan tout bagay, **Mowo.** 10:5.

Sentespri a se lespri revelasyon an, **D&A** 8:2–3 (D&A 68:4).

Boukliye. *Gade nan* Pektoral

Bwa Efrayim. *Gade nan* Efrayim—Bwa Efrayim oubyen Bwa Jozèf

Bwa Jida. *Gade nan* Jida—Bwa Jida a

Bwa Jozèf. *Gade nan* Efrayim—Bwa Efrayim oubyen Bwa Jozèf

Bwat Alyans la. *Gade tou nan* Tabènak

Moun te rekonèt li tou kòm Bwat Jewova ak Bwat Temwayaj la, Bwat Alyans la se te yon malèt oubyen yon bwat rektangilè anbwa ki te gani avèk lò. Yo te rele l tou Bwat Jewova a ak Bwat Alyans la. Sete senbòl relijye pi ansyen ak pi sakre pou Izrayelit yo. Yo te konsidere fotèy Mizèrikòd ki te sèvi l kouvèti a kòm plas sou tè a pou Jewova abite (Egz. 25:22). Lè tanp la te fini, bwat la nan Pi Sen pase Sen yo, kote ki pi sen nan konstriksyon an (1 Wa 8:1–8).

Moyiz te fè bwat kòmandman Bondye a, **Egz.** 25. Pitit Levi yo te gen chaj pou yo pran swen bwat a, **Nonb** 3:15, 31. Bwat alyans la te ale devan, **Nonb** 10:33. Pran liv lalwa sa a epi mete l nan bwat alyans la, **Det.** 31:24–26. Dlo Jouden yo te retranche devan bwat alyans la, **Joz.** 3:13–17; 4:1–7. Prèt te pran bwat

alyans la nan konkèt Jeriko a, **Joz.** 6:6–20. Filisten yo te kaptire bwat Bondye a, **1 Sam.** 5. Senyè a te beni kay Obèd-edòm nan poutèt bwat Bondye a, **2 Sam.** 6:11–12. Senyè a te touye Isa lè l te chèche avèk dezobeyisans pou l pran Bwat a, **1 Kwo.** 13:9–12 (D&A 85:8). Bati yon sanktiyè pou Senyè Bondye a, pou pote bwat alyans la, **1 Kwo.** 22:19.

Eleman yo ki fòme bwat alyans la te dekri, **Ebre** 9:4.

Bwè, Sou. *Gade nan Pawòl Sajès*

Byen, byennèt. *Gade nan Antrèd*

Carthage, Prizon (Etazini Damerik).

Gade tou nan Smith, Hyrum; Smith, Joseph, pitit la

Yon ban zenglendou ak chimè te an-sasinen Joseph ak Hyrum Smith 27 Jen 1844, nan prizon Carthage la, nan Illinoi, Etazini Damerik (D&A 135).

Chadrak. *Gade tou nan Danyèl*

Nan Ansyen Testaman an, Chadrak, Mechak, ak Abèd-Nego se te twa jèn gason Izrayelit yo, ansanm avèk Danyèl ki te nan palè Nebikadneza a, wa Babilon nan. Non Ebre Chadrak te Ananyas. Kat jèn gason yo te refize manje vyann ak diven wa a pou yo pa degrade tèt yo (Dan. 1). Wa a te jete Chadrak, Mechak, ak Abèd-Nego nan yon founo dife epi yo te sove mirakilezman (Dan. 3).

Chan. *Gade tou nan Jaden Senyè a; Mond*

Nan ekriti yo, yon teren laj yo itilize pou fè agrikilti oubyen pou gadinaj. Souvan, sa senbolize mond lan avèk pèp li yo.

Chan an se mond lan, **Mat.** 13:38. Wayòm syèl la menm jan avèk yon trezò ki kache nan yon chan, **Mat.** 13:44.

m te wè yon gran chan plen espas, **1 Ne.** 8:9, 20. Chan an te mi, **Alma** 26:5.

Chan an deja mi pou kiltive, **D&A** 4:4 (D&A 6:3; 11:3; 12:3; 14:3; 31:4; 33:3, 7). Chan an se te mond lan, **D&A** 86:1–2. M ap konpare wayòm sa yo avèk yon nonm ki gen yon chan, **D&A** 88:51.

Chanèl. *Gade tou nan Chit Adan ak Èv; Lòm natirèl; Sansyalite, sansyèl*

Yon bagay ki pa espiritiyèl; yo kapab itilize mo a espesyalman pou pale de bagay mòtèl ak bagay tanporèl ni materyèl, ni espiritiyèl (D&A 67:10) oubyen bagay monden, bagay lachè, ak bagay sansyèl (Mozya 16:10–12).

Gen panse chanèl vle di lanmò, **2 Ne.** 9:39. Dyab la rale lèzòm dousman nan sekirite chanèl, **2 Ne.** 28:21. Yo te wè tèt yo nan eta chanèl yo, **Mozya** 4:2. Yon moun ki pèsiste nan eta chanèl li, l ap rete chita nan eta li a, **Mozya** 16:5. Tout moun dwe fèt nan Bondye, soti nan eta chanèl ak eta yo chita a, **Mozya** 27:25. Lèzòm te vin chanèl, sansyèl epi dyabolik, **Alma** 42:10.

Moun ki mache dapre volonte pa yo ak dezi chanèl yo, yo dwe tonbe, **D&A** 3:4. Lèzòm pa kapab wè Bondye avèk santi-man chanèl, **D&A** 67:10–12.

Lèzòm te kòmanse vin chanèl, sansyèl epi dyabolik, **Moyiz** 5:13; 6:49.

Chante. *Gade tou nan Kantik; Mizik*

Lè moun adore oubyen louwe Bondye avèk chan epi avèk koupèlè mizik.

Chante pou Senyè a, **1 Kwo.** 16:23–36 (Sòm 96). Chante pou Senyè a, epi remèsye l, **Sòm** 30:4. Fè yon bri avèk kontantman pou Senyè a, **Sòm** 100:1.

Lè yo te fin chante yon kantik, yo te ale sou mòn Olivye a, **Mat.** 26:30.

Sentespri a fè yo chante, **Mowo.** 6:9.

Chan moun ki jis yo se yon priyè pou mwen, **D&A** 25:12. Si w kontan, louwe Senyè a avèk chante, **D&A** 136:28.

Charite. *Gade tou nan Antrèd;*

Konpasyon; Lanmou, renmen; Sèvis

Lanmou pi Kris la (**Mowo.** 7:47); lanmou Kris gen pou pitit lèzòm nan epi lanmou lèzòm ta dwe genyen youn pou lòt la (**2 Ne.** 26:30; 33:7–9; Etè 12:33–34); kalite lanmou ki pi wo, pi nòb, pi fò a, ki pa sèlman afeksyon.

Konesans fè frekan, men charite edifye, **1 Kor.** 8:1. Charite, ki se lanmou pi, li pi gran epi li depase prèske tout lòt bagay, **1 Kor.** 13. Bi kòmandman an se

Chastete

charite ki soti nan yon kè pi, **1 Tim.** 1:5. Ajoute jantiyès fratènèl sou charite a, **2 Pyè** 1:7.

Senyè a te kòmande pou tout moun gen charite, **2 Ne.** 26:30 (Mowo. 7:44–47). Ou dwe gen lafwa, esperans, ak charite, **Alma** 7:24. Lanmou Senyè a gen pou lèzòm nan se charite, **Etè** 12:33–34. San charite moun pa kapab eriteye plas sa ki te prepare nan wayòm Papa a, **Etè** 12:34 (Mowo. 10:20–21). Mowoni te ekri Mòmmon pawòl konsènan lafwa, esperans ak charite, **Mowo.** 7.

Charite kalifye lèzòm pou travay Senyè a, **D&A** 4:5–6 (D&A 12:8). Abiyè w avèk yon lyen charite, **D&A** 88:125. Ranpli zantray ou avèk charite, **D&A** 121:45.

Chastete. *Gade tou nan* Adiltè; Fònikasyon; Sansyalite, sansyèl; Vèti

Pwòpte seksyèl gason ak fi.

Jozèf te reziste anba demand madanm Potifa a, **Jen.** 39:7–21 (D&A 42:24; 59:6). Ou pa dwe fè adiltè, **Egz.** 20:14. Yon fi ki gen vèti, li se yon kouwòn pou mari l, **Pwov.** 12:4 (Pwov. 31:10).

Èske w pa konnen kò w se tanp Sentepri a, **1 Kor.** 6:18–19. Ou dwe sèvi kòm yon Egzanp nan pwòpte, **1 Tim.** 4:12.

okenn bagay sal pa kapab rete avèk Bondye, **1 Ne.** 10:21. Paskè, mwen menm Senyè Bondye a, m kontan lè fi gen chastete, **Jakòb** 2:28. Peche seksyèl se yon abominasyon, **Alma** 39:1–13. Chastete ak vèti pi sakre epi pi presye pase tout bagay, **Mowo.** 9:9.

Nou kwè nan chastete, **AL** 1:13.

Chatye, chatiman. *Gade tou nan* Advèsite

Koreksyon oubyen disiplin yon moun oubyen yon gwoup resevwa pou ede yo amelyore oubyen vin pi fò.

Pa meprize men Bondye toupuisan k ap chatye w la, **Jòb** 5:17 (Pwov. 3:11). Yon moun ou chatye, ou menm Senyè a, l ap beni, **Sòm** 94:12.

Tout ekriti yo la pou reprimandasyon, pou koreksyon, **2 Tim.** 3:16. Senyè a chatye moun li renmen, **Ebre** 12:5–11.

Senyè a twouve l nesesè pou l chatye pèp li a, **Mozya** 23:21–22. Si Senyè a pa chatye pèp li, yo p ap sonje l, **Ela.** 12:3. Senyè a te pale avèk frè Jarèd la reyèlman epi li te chatye l, **Etè** 2:14.

Yo te sibi chatiman pou yo kapab repanti, **D&A** 1:27. Moun mwen renmen, m chatye yo pou peche yo kapab padone, **D&A** 95:1. Tout moun ki pa vle sipòte chatiman, yo pa kapab sanntifye, **D&A** 101:2–5. Pèp mwen an dwe resevwa chatiman jistan yo aprann obeyisans, **D&A** 105:6. Yon moun ki pa vle sipòte chatiman, li pa diy pou wayòm mwen an, **D&A** 136:31.

Chemen. *Gade tou nan* Jezikri; Mache, mache avèk Bondye

Santye oubyen kouran yon moun suiv. Jezi te di Li se chemen an (Jan 14:4–6).

Respekte kòmandman Senyè a yo pou w mache nan chemen l yo, **Det.** 8:6. Antrene yon timoun nan chemen li dwe mache, **Pwov.** 22:6 (2 Ne. 4:5). Senyè a te di konsa chemen li yo gen plis grandèt pase pa nou yo, **Eza.** 55:8–9.

Chemen ki mennen nan lavi a dwat epi pòt la etwat, **Mat.** 7:13–14 (3 Ne. 14:13–14; 27:33; D&A 132:22, 25). Bondye ap fè yon chemen pou w kapab chape anba tantasyon, **1 Kor.** 10:13.

Senyè a pa bay okenn kòmandman san l pa prepare mwayen pou pitit li yo respekte yo, **1 Ne.** 3:7 (1 Ne. 9:6; 17:3, 13). Pa gen okenn lòt chemen eksepte pòt, **2 Ne.** 9:41. Ou lib pou w aji pou tèt pa w—pou w chwazi chemen lanmò pèpetyèl oubyen chemen lavi etènèl, **2 Ne.** 10:23. Se chemen an sa epi pa gen okenn lòt chemen ni lòt non, **2 Ne.** 31:21 (Mozya 3:17; Alma 38:9; Ela. 5:9). Nan don Pitit Gason l lan, Bondye te prepare yon chemen pi ekselan, **Etè** 12:11 (1 Kor. 12:31).

Chak moun mache nan chemen pa l, **D&A** 1:16. Li dwe fèt nan fason pa mwen, **D&A** 104:16.

Cherèm. *Gade tou nan* Antekris

Yon nonm nan Liv Mòmmon an ki te nye Kris la epi ki te mande yon siy (Jakòb 7:1–20).

Cheriben

Konparezon ki reprezante kreyati selès yo, men moun pa konnen fòm egzat la. Cheriben yo te resevwa apèl pou pwoteje kote ki sakre.

Senyè a te mete cheriben pou pwoteje pyebwa lavi a, **Jen.** 3:24 (Alma 12:21–29; 42:2–3; Moyiz 4:31). Gen reprezantasyon senbolik cheriben ki te plase nan fotèy mizèrikòd la, **Egz.** 25:18, 22 (1 Wa 6:23–28; Ebre 9:5). Gen ekriti konsènan cheriben yo nan vizyon Ezekyèl la, **Ezek.** 10; 11:22.

Chiblon. *Gade tou nan Alma, pitit gason Alma*

Nan Liv Mòmmon an, yon pitit gason Jèn Alma a. Chiblon te anseye Zoramit yo levanjil la epi moun te pèsekite l poutèt jistis li. Senyè a te delivre l anba pèsekisyon yo poutèt fidelite l ak pasyans li (Alma 38). Chiblon te pran swen rejis Nefit yo tou pandan kèk tan (Alma 63:1–2, 11–13).

Chit Adan ak Èv. *Gade tou nan Adan; Ekspyasyon, ekspye; Èv; Jezikri; Lanmò, fizik; Lanmò espirityèl; Lòm natirèl; Mòtalite, mòtèl; Plan redanmsyon; Redanmtè, restablisman, redanmsyon*

Fenomèn ki te fè limanite vin mòtèl sou tè sa a. Lè Adan ak Èv te manje fwi defandi a, yo te vin mòtèl, ki vle di, soumèt anba peche ak lanmò. Adan te vin tounen “premye kò fizik” sou tè a (Moyiz 3:7). Revelasyon nan dènye jou yo fè konnen klèman, Chit la se yon benediksyon epi nou dwe onore Adan ak Èv kòm premye paran tout limanite.

Chit la te yon pa nesèsè nan pwogrè lèzòm. Poutèt Bondye te konnen Chit la t ap fèt, Li te planifye pou yon Sovè nan lavi premòtèl la. Jezikri te vini nan demi-tan an pou ekspye Chit Adan an ak peche endividyèl lèzòm avèk kondisyon pou lèzòm repanti.

Lejou w manje ladan l, w ap mouri kanmèm, **Jen.** 2:17 (Moyiz 3:17). Li te

Chwazi (adjektif oubyen non)

pran nan fwi a, epi li te manje, **Jen.** 3:6 (Moyiz 4:12).

Menm jan tout moun mouri nan Adan, se konsa tout moun ap vin vivan nan Kris la, **1 Kor.** 15:22.

Tout limanite te nan yon eta pèdi ak chit, **1 Ne.** 10:6. Chemen an te prepare depi lè lèzòm te tonbe a, **2 Ne.** 2:4. Lè Adan ak Èv te fin manje nan fwi defandi a, yo te chase yo nan Jaden Edenn nan, **2 Ne.** 2:19. Adan te tonbe pou lèzòm kapab egziste, **2 Ne.** 2:15–26. Lòm natirèl se ènmi Bondye, epi li te sa depi lè chit Adan an, **Mozya** 3:19. Aawon te anseye papa Lamoni konsènan chit Adan an, **Alma** 22:12–14. Yon ekspyasyon dwe fèt, san sa, tout limanite tonbe epi yo pèdi, **Alma** 34:9. Premye paran nou yo te rejte nan prezans Senyè a ni tanporèlman ni espirityèlman, **Alma** 42:2–15 (Ela. 14:16). Poutèt chit la, nati nou te vin move, **Etè** 3:2.

Nan transgresyon lwa sen sa yo, lèzòm te vin tounen moun dechi, **D&A** 20:20 (D&A 29:34–44).

Kòm ou te tonbe ou dwe rachte, **Moyiz** 5:9–12. Se poutèt transgresyon an chit la te fèt, **Moyiz** 6:59. Lèzòm ap resevwa pinisyon pou pwòp peche pa yo, **AL** 1:2.

Chiz. *Gade tou nan Jaredit yo*

Yon dirijan militè Jaredit nan Liv Mòmmon an. Li te mouri nan finisman yon gwo batay ki te detwi tout nasyon Jaredit la (Etè 14:17–15:31).

Chwa. *Gade nan Chwazi (vèb); Lib abit*

Chwazi (adjektif oubyen non). *Gade tou nan Aple, Bondye te aple, apèl*

Moun Bondye seleksyone pou responsablite espesyal

M te fè alyans avèk moun m te chwazi yo, **Sòm** 89:3.

Sen yo se yon jenerasyon chwazi, yon prèttriz wayal, **1 Pyè** 2:9.

Kris la te Byenneme Bondye epi Bondye te chwazi l depi nan kòmansman, **Moyiz** 4:2.

Chwazi (vèb)

Chwazi (vèb). *Gade tou nan* Aple, Bondye te aple, apèl; Lib, libète; Lib abit

Lè Senyè a seleksyone, oubyen chwazi yon endividi oubyen yon gwoup, òdinèman Li aple yo pou yo sèvi.

Chwazi moun ou vle sèvi a jodi a, **Joz.** 24:15 (Alma 30:8; Moyiz 6:33). Mwen te chwazi w nan founo afliksyon an, **Eza.** 48:10 (1 Ne. 20:10).

Anpil moun resevwa apèl, men sèlman kèk te chwazi, **Mat.** 22:14 (Mat. 20:16; D&A 95:5; 121:34, 40). Ou pa chwazi m, men se mwen ki te chwazi w, **Jan** 15:16. Bondye chwazi bagay rizib nan mond lan pou l konfonn moun saj, **1 Kor.** 1:27. Li te chwazi nou anvan fondasyon mond lan, **Efe.** 1:4.

Nou lib pou nou chwazi libète ak lavi etènèl oubyen kaptivite ak lanmò, **2 Ne.** 2:27.

Moun ki gran ak nòb yo te chwazi depi nan kòmansman, **D&A** 138:55–56.

Bondye te chwazi Izrayèl, **Moyiz** 1:26. Abraram te chwazi anvan li te fèt, **Abr.** 3:23.

Cowdery, Oliver

Dezyèm ansyen nan Legliz retabli a epi youn nan twa temwen orijin diven ak verasite Liv Mòmmon an. Li te sèvi kòm sekretè pandan Joseph Smith t ap tradui Liv Mòmmon an nan plak lò yo (I—JS 1:66–68).

Te resevwa yon temwayaj konsènan verite tradiksyon Liv Mòmmon an, **D&A** 6:17, 22–24. Janbatis te òdone l, **D&A** 13 (D&A 27:8; I—JS 1:68–73, gade nòt pou vèsè 71 la). Lè w fin gen lafwa epi lè w fin wè yo avèk je w, ou pral temwaye w te wè yo, **D&A** 17:3, 5. M te fè Lespri m manifeste w bagay ou te ekri yo se verite, **D&A** 18:2. Te resevwa nominasyon ak òdinasyon kòm youn nan responsab revelasyon yo, **D&A** 70:3. Te resevwa kle prètèriz la avèk Joseph Smith, **D&A** 110.

Dalila. *Gade tou nan* Filisten yo

Yon fi Filisten nan Ansyen Testaman an ki te twonpe epi ki te trayi Samson (Jij 16)

Damas

Yon ansyen vil Siri.

Damas chita nan yon plèn rich nan pwent dezè a epi rivyè Barada a awoze l byen. Yo mansyone l souvan nan ekriti yo (kòmans nan Jen. 14:15). Pòl te nan wout pou l ale Damas la lè Senyè resite a te parèt devan l (Tra. 9:1–27; 22:5–16; 26:12–20).

Dan. *Gade tou nan* Izrayèl; Jakòb, pitit gason Izarak

Nan Ansyen Testaman an, yon pitit gason Jakòb ak Bila, bòn Rachèl la (Jen. 30:5–6).

Tribi Dan an: Pou benediksyon Jakòb te bay Dan an, gade nan Jenèz 49:16–18. Pou benediksyon Moyiz te bay tribi Dan an, gade nan Detewonòm 33:22. Lè yo te fin tabli nan Kanaran, tribi Dan an te resevwa yon moso tè ki te piti men ki te trè pwodiktif (Joz. 19:40–48). Yo te gen anpil difikilte pou yo te pwoteje l kont Amorit yo (Jij 1:34) epi kont Filisten yo (Jij 13:2, 25; 18:1). Kòm rezilta Danit yo te pati ale nan nò Filisti (Jij 18), alantou Lavis epi yo te rele vil sa a Dan ankò. Vil sa a yo byen konnen kòm fwontyè nò Filisti, ki pran “depi nan Dan rive jis nan Bècheba.”

Danasyon, dane. *Gade tou nan* Dyab; Lanfè; Lanmò espiritiyèl; Pitit pèdisyon yo

Eta lè pwogresyon yon moun sispann epi li pa kapab gen aksè nan prezans Bondye ak nan glwa L. Kondanasyon egziste sou plizyè degre. Tout moun ki pa jwenn egzaltasyon toutantye selès la ap limite yon fason nan pwogrè ak privilèj yo, epi y ap kondane nan pwèn sa a.

Malè w, ipokrit! W ap resevwa pi gran kondanasyon an, **Mat.** 23:14. Yon moun ki blasfeme kont Sentespri a, li anba danje kondanasyon etènèl, **Mak** 3:29. Moun ki te fè mal y ap parèt nan rezirèksyon kondanasyon an, **Jan** 5:29 (3 Ne. 26:5). Yon moun k ap manje ak bwè san diyite, l ap manje epi l ap bwè

kondanasyon pou tèt pa l, **1 Kor.** 11:29 (3 Ne. 18:28–29).

Yon moun ki pa repanti, batize, epi pèserevè jiska lafen li dwe kondane, **2 Ne.** 9:24 (Mak 16:16; Etè 4:18; D&A 68:9; 84:74). Yon mechan t ap pi mizerab pou l rete avèk Bondye tan pou l ta rete avèk nanm kondane yo nan lanfè, **Mòm.** 9:4.

Yon moun ki pa fè anyen san yo pa kòmande l, moun sa a kondane, **D&A** 58:29. Yon moun ki resevwa plenitid nouvo alyans etènèl la dwe obeyi lwa a, oubyen l ap kondane, **D&A** 132:6.

Danyèl

Pèsonej prensipal liv Danyèl la nan Ansyen Testaman an; yon pwofèt Bondye epi yon nonm ki gen anpil lafwa.

Nou pa konnen anyen sou paran l yo byenke li sanble li te desandan wa (Dan. 1:3). Yo te mennen l kaptif nan Babilòn kote yo te ba li non Bèltechaza (Dan. 1:6–7). Danyèl avèk twa lòt kaptif te refize manje manje wa a poutèt relijyon yo (Dan. 1:8–16).

Nebikadzeza ak Dariyis te fanatik Danyèl poutèt pouvwa li te genyen pou l entèprete rèv (Dan. 2; 4; 6). Li te li epi li te entèprete ekriti sou mi an (Dan. 5). Ènmi l yo te fè konplo kont li, epi yo te voye l nan twou lyon yo, men Senyè a te proteje lavi l (Dan. 6).

Liv Danyèl la: Liv la gen de pati: chapit 1–6 se istwa Danyèl avèk twa konpayon l yo; chapit 7–12 se vizyon pwofetik Danyèl te fè yo. Liv la anseye kòman sa enpòtan lè yon moun klè devan Bondye epi li montre Senyè a beni moun ki kwayan.

Youn nan kontribisyon kapital liv la se entèpretasyon rèv wa Nebikadzeza a. Nan rèv la, wayòm Bondye a nan dènye jou yo parèt tankou yon wòch ki rache soti nan yon mòn. Wòch l ap woule jistan li ranpli tout tèt a (Dan. 2; gade tou nan D&A 65:2).

Dariyis. *Gade tou nan* Babèl, Babilòn

Nan Ansyen Testaman an, wa Mèd yo ki te gouvènè Babilòn nan apre lanmò Bèlchaza (Dan. 5:31; 6:9, 25–28; 9:1; 11:1).

David. *Gade tou nan* Batcheba; Sòm

Yon wa Izrayèl tan lontan an nan Ansyen Testaman an.

David te yon pitit gason Izayi ki fè pati tribi Jida a. Li te yon jennonm fò di, ki te touye yon lyon, yon lous ak Golyat, jeyan Filisten an (1 Sam. 17). Yo te chwazi David epi yo te wenn li pou l te wa Izrayèl. Menmjan avèk Sayil, lè l te gran moun, li te fè peche grav, men kontrèman avèk Sayil li te reyèlman repanti. Se poutèt sa li te jwenn padon, eksepte nan sasinay Iri a (D&A 132:39). Nou kapab divize lavi l an kat pati: (1) nan Bètlejèm, kote li te yon bèje (1 Sam. 16–17); (2) nan lakou Wa Sayil la (1 Sam. 18:1–19:18); (3) kòm yon moun ki nan mawon (1 Sam. 19:18–31:13; 2 Sam. 1); (4) kòm wa sou tèt Jida nan Ebwon (2 Sam. 2–4), epi apre sa kòm wa sou tèt tout Izrayèl (2 Sam. 5–24; 1 Wa 1:1–2:11).

Apre peche adiltè David te avèk Batcheba a, yon seri malè te viwonnen dènye ventan nan lavi li yo. Tout nasyon an te pwospere pandan rèy li a, men David pou kont pa l li te soufri konsekans peche li yo. Te gen mezantant famiyal tout tan, nan ka Absalom ak Adonija a sa te vin fini nan gwo rebelyon. Ensidan sa yo se akonplisman pawòl Natan, pwofèt la te pwononse sou David poutèt peche li yo (2 Sam. 12:7–13).

Malgre dezaz sa yo, rèy David la te rèy ki te pi eklere nan istwa Izrayelit la, paske (1) li te reyini tribi yo fè yon sèl nasyon, (2) li te pran posesyon peyi a, epi pèsonn pat diskite kont sa, (3) li te baze gouvènman an sou vrè relijyon an, konsa volonte Bondye te lwa pou Izrayèl. Poutèt rezon sa yo, pita, yo te konsidere rèy David la kòm epòk pwosperite nasyon an ak senbòl pou pi bèl epòk lè Mesi a ta vini (Eza. 16:5; Jer. 23:5; Ezek. 37:24–28).

Lavi David demontre nesite pou tout moun pèserevè nan jistis jiska lafen. Lè l te jèn, yo di li te yon nonm ki gen “menm kè” avèk Senyè (1 Sam. 13:14); lè l te gen matirite, li te pale ak pouvwa Lespri a epi li te gen anpil revelasyon. Men li te peye yon pri ki chè pou tèt li te dezobeyi kòmandman Bondye yo (D&A 132:39).

Debora

Debora

Nan Ansyen Testaman an, yon pwo-fetès ki te jije Izrayèl epi ki te ankouraje Barak kont Kananeyit yo (Jij 4). Chan Debora ak Barak yo te selebre delivrans Izrayèl anba esklavaj (Jij 5).

Degre glwa. *Gade tou nan* Glwa selès; Glwa telès; Glwa terès

Plizyè wayòm nan syèl. Nan Jijman Final la chak moun ap eritye yon abitasyon etènèl nan yon wayòm byen detèmine ki gen glwa, eksepte moun ki pitit Pèdisyon an.

Jezi te di, Lakay Papa m gen anpil abitasyon, **Jan** 14:2 (Etè 12:32). Gen yon glwa menm jan ak solèy la, yon lòt menm jan ak lalin nan epi yon lòt menm jan ak etwal yo, **1 Kor.** 15:40–41. Pòl te monte nan twazyèm syèl la, **2 Kor.** 12:2.

Gen yon kote san glwa ki gen pinisyon etènèl, **D&A** 76:30–38, 43–45. Gen twa degre glwa, **D&A** 76:50–113; 88:20–32.

Deklarasyon Ofisyèl 1. *Gade tou nan* Manifest Manifest; Maryaj, marye—Maryaj pliral; Woodruff, Wilford

Premye pati Deklarasyon Ofisyèl 1, sa yo rele Manifest la, enprime nan dènye paj Doktrin ak Alyans yo. Se Prezidan Wilford Woodruff ki te bay li epi yo te prezante l devan manm Legliz la nan konferans jeneral 6 Oktòb 1890 la. Apati 1862, plizyè lwa, pandan 25 ane apre yo, te rann maryaj pliral ilegal nan Etazini. Senyè a te montre Wilford Woodruff nan vizyon ak revelasyon sa ki ta pral rive si Sen yo pa t sispann pratik maryaj pliral la. Manifest la te anonse ofisyèlman maryaj pliral pa t selebre ankò.

Deklarasyon Ofisyèl 2. *Gade tou nan* Kimball, Spencer W.; Prètriz

Yon rapò doktrinal ki ekri nan dènye paj Doktrin ak Alyans yo konsènan ki-yès ki dwe gen prètriz Bondye a. Nan kòmansman Jen 1978, Senyè a revele Prezidan Spencer W. Kimball, tout gason diy ki manm Legliz la ta dwe resevwa prètriz la. Sa te rann prètriz la ak benediksyon tanp yo posib pou tout gason ki diy, san

eksepte okenn ras ak koulè. Nan 30 Septanm 1978, deklarasyon sa a te prezante devan konferans jeneral Legliz la epi tout moun te aksepte l.

Delij nan epòk Noye a. *Gade tou nan* Bato; Lakansyèl; Noye, patriyach bibliik

Nan epòk Noye a tè a te kouvri nèt avèk dlo. Se te batèm tè a epi sa senbolize netwayaj (1 Pyè 3:20–21).

Bondye ap voye yon delij dlo sou tè a pou detwi tout moun, **Jen.** 6:17 (Moyiz 7:34, 43, 50–52; 8:17, 30). Dlo delij la te sou tè a, **Jen.** 7:10. Bondye te mete yon lakansyèl nan syèl la kòm siy alyans lan, **Jen.** 9:9–17.

Lè dlo yo seche, tè Amerik la te vin tounen yon tè beni, **Etè** 13:2.

Mechan yo pral peri nan delij, **Moyiz** 7:38; 8:24.

Dènye jou yo. *Gade tou nan* Dezyèm Vini Jezikri; Siy tan yo

Nan tan n ap viv kounyeya. Jou (oubyen dispansasyon tan) yon ti tan anvan Dezyèm Vini Senyè a.

M di w sa ki pral rive w nan dènye jou yo, **Jen.** 49:1. Redanmtè a pral kanpe sou tè a nan dènye jou yo, **Jòb** 19:25. Nan dènye jou yo, kay Senyè a pral tabli, **Eza.** 2:2.

Nan dènye jou yo pral gen move tan, **2 Tim.** 3:1–7. Mantè nan dènye jou yo pral nye Dezyèm vini an, **2 Pyè** 3:3–7.

M ap pwofetize pou nou konsènan dènye jou yo, **2 Ne.** 26:14–30.

Se konsa legliz mwen an pral rele nan dènye jou yo, Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, **D&A** 115:4.

Kris la pral vini nan dènye jou yo, **Moyiz** 7:60.

Dènye Soupe. *Gade tou nan* Pak (fèt juif); Sentsèn

Daprè Nouvo Testaman an, se dènye repa Jezi te manje anvan arestasyon ak krisifiksyon L lan (Lik 22:14–18). Li menm ak Douz Apot Li yo te manje repa sa a pandan Pak la (Mat. 26:17–30; Mak 14:12–18; Lik 22:7–13).

Sovè a te beni pen an ak diven an epi li te bay Apot li yo, **Mat.** 26:26–29 (Mak 14:22–25; Lik 22:7–20). Jezi te lave pye Apot yo, **Jan** 13. Yo te lonmen Jida kòm trèt kont Jezi, **Jan** 13:21–26 (Mat. 26:20–25).

Desandan Abraram. *Gade nan*
Abraram—Desandan Abraram yo

Desepsyon. *Gade nan* Twonpe,
twonpri

Destriktè. *Gade tou nan* Dyab
Satan se destriktè a.

Senyè a p ap aksepte destriktè a vin nan kay yo, **Egz.** 12:23.

Destriktè a mache sou dlo yo, **D&A** 61:19. Sèvitè a te kapab sove jaden m nan anba destriktè a, **D&A** 101:51–54.

Dèt. *Gade tou nan* Padon

Jan yo itilize l nan ekriti yo, lajan oswa byen yon moun dwe yon lòt rann li yon ti jan esklav. Nan yon lòt sans, Jezi te anseye nou pou nou mande Papa a pou l padone dèt nou yo, oubyen pou l delivre nou anba peye pri peche nou yo—nan Ekspyasyon Jezikri a—lè nou fin padone lòt moun ofans yo te fè kont nou (Mat. 6:12; 3 Ne. 13:11).

Moun mechan an prete epi l pa remèt, **Sòm** 37:21. Moun ki prete li se sèvitè moun ki prete l la, **Pwov.** 22:7.

M te padone tout dèt ou yo: Èske w pa ta dwe gen konpasyon tou, **Mat.** 18:23–35. Pa dwe okenn moun anyen, men renmen youn lòt, **Wom.** 13:8.

Ou dwe Papa nou ki nan Syèl la etènèlman, **Mozya** 2:21–24, 34. Nenpòt moun ki prete nan men vwazen l li dwe remèt bagay li te prete a, **Mozya** 4:28.

Peye dèt la epi wete kò w nan esklavaj, **D&A** 19:35. Se defandi pou w pran kredi nan men ènmi w yo, **D&A** 64:27. Peye tout dèt ou, **D&A** 104:78. Pa fè kredi pou w bati kay Senyè a, **D&A** 115:13.

Detewonòm. *Gade tou nan* Pantatèk

Senkyèm liv Ansyen Testaman an.

Detewonòm gen twa dènye diskou Moyiz te fè nan plèn Moab yo anvan li

te monte a. Premye diskou a (chapit 1–4) se entwodiksyon. Dezyèm diskou a (chapit 5–26) gen de pati: (1) chapit 5–11—Dis Kòmandman yo ak yon espplikasyon pratik konsènan yo; epi (2) chapit 12–26—yon seri lwa, ki fòme nannan tout liv la. Twazyèm diskou a (chapit 27–30) gen yon rapèl solanèl konsènan alyans ant Izrayèl avèk Bondye epi yon anons konsènan benediksyon ki suiv obeyisans ak malediksyon ki suiv dezobeyisans. Chapit 31–34 dekri lè Levit yo te resevwa lwa yo, chan Moyiz yo, dènye benediksyon an ak depa Moyiz.

Devwa. *Gade tou nan* Obeyi, obeyisan, obeyisans

Nan ekriti yo, yon devwa, yon asiya-syon oubyen yon responsablite, souvan Senyè a oubyen sèvitè Li yo bay.

Respekte kòmandman li yo: paske tout devwa lèzòm, **Ekl.** 12:13. Ki sa Senyè a reklame nan men w, si se pa pou fè jistis, **Michè** 6:8.

Nou dwe obeyi Bondye tan pou nou ta obeyi lèzòm, **Tra.** 5:29.

Afliksyon te frape yo pou fòse yo sonje devwa yo, **Mozya** 1:17.

Devwa ansyen yo, prèt yo, enstriktè yo, ak dyak yo preskri, **D&A** 20:38–67. Detantè prètiz yo dwe ranpli tout devwa famiyal yo, **D&A** 20:47, 51. Devwa manm yo apre batèm te dekri, **D&A** 20:68–69. Ansyen m yo ta dwe rete tann yon ti tan pou pèp mwèn an kapab konnen pi pafètman konsènan devwa yo, **D&A** 105:9–10. Se pou chak moun aprann devwa l, **D&A** 107:99–100.

Dezerèt. *Gade tou nan* Jaredit yo

Nan Liv Mòmmon an, yon mo Jaredit ki vledi “myèl” (Etè 2:3).

Dezyèm Eta. *Gade nan* Mòtalite, mòtèl

Dezyèm Konsolatè. *Gade nan*
Konsolatè

Dezyèm Vini Jezikri. *Gade tou nan*
Amagedon; Gòg; Jezikri; Magòg; Siy
tan yo

Nan kòmansman Epòk Milenyòm nan,

Dife

Kris la pral retounen sou tè a. Evenman sa a pral make finisman pwobasyon motèl tè a. Mechan yo pral soti sou tè a epi yon nyaj pral leve jis yo anlè pandan tè a pral netwaye. Byenke pèsonn pa konnen egzakteman ki lè Kris la pral vini pou dezyèm fwa a, Li te ban nou siy pou nou suiv, ki endike tan an ap apwoche (Mat. 24; M—JS 1).

M konnen Redanmtè m nan pral kanpe sou tè a nan dènye jou a, **Jòb** 19:25. Devan m, tout jenou pral pliye, chak lang pral konfese, **Eza.** 45:23 (D&A 88:104). Pitit Gason Lòm nan te vini avèk nyaj syèl yo, **Dan.** 7:13 (Mat. 26:64; Lik 21:25–28). Yo pral leve tèt gade m, mwenmenm yo te pèse a, **Zak.** 12:10. Yon moun pral di konsa, Ki mak sa yo ki nan men yo, **Zak.** 13:6 (D&A 45:51). Kiyès ki kapab sipòte jou aparasyon l lan? Paske li tankou yon dife pirifikatè, **Mal.** 3:2 (3 Ne. 24:2; D&A 128:24).

Pitit Gason Lòm Nan ap vini nan glwa Papa l, **Mat.** 16:27 (Mat. 25:31). Jou sa a ak lè sa a, pèsonn pa konnen l, men se sèlman Papa m ki konnen l, **Mat.** 24:36 (D&A 49:7; M—JS 1:38–48). Menm Jezi sa pral vini menm jan w te wè l monte nan syèl la, **Tra.** 1:11. Senyè a limenm pral desann soti nan syèl la, **1 Tes.** 4:16. Jou Senyè a pral rive menm jan avèk yon vòlè nan nuit, **2 Pyè** 3:10. Senyè a vini avèk dis mil nan Sen li yo, **Jid** 1:14. Li vini avèk nyaj; epi tout je pral wè l, **Apok.** 1:7.

Jezi pral kanpe pou l jije mond lan, **3 Ne.** 27:14–18.

Prepare w, prepare w, paske Senyè a pre, **D&A** 1:12. M pral revele tèt mwen soti nan syèl la avèk pouvwa, epi m pral abite sou tè a pou mil ane, **D&A** 29:9–12. Leve vwa w epi kriye repantans, pou w prepare chemen Senyè a pou dezyèm vini l la, **D&A** 34:5–12. M se Jezikri, epi m pral vini nan tanp mwen an soudèman, **D&A** 36:8 (D&A 133:2). Jou a ap vini byento pou w wè m, epi pou w konnen m egziste, **D&A** 38:8. Yon moun ki krenn mwen, l ap veye pou siy aparasyon Pitit Gason Lòm Nan, **D&A** 45:39. Figi Senyè a pral devwale, **D&A** 88:95.

Gran jou tèrib Senyè a pre, **D&A** 110:16. Lè Sovè a parèt n ap wè l jan l ye a, **D&A** 130:1. Sovè a pral kanpe nan pami pèp li a epi li pral gouvène, **D&A** 133:25. Ki moun sa ki desann soti kote Bondye nan syèl la avèk rad li tache a, **D&A** 133:46 (Eza. 63:1).

Dife. *Gade tou nan* Batèm, batize; Lanfè; Sentespri; Tè—Netwayaj tè a

Yon senbòl pou netwaye, pirifye, oubyen sangtifye. Dife kapab sèvi tou kòm yon senbòl pou prezans Bondye.

Bondye w la se yon dife k ap boule, **Det.** 4:24. Senyè a fè ministè l la menm jan avèk yon flann dife, **Sòm** 104:4. Senyè tout Lame yo ap vizite yo avèk yon flann dife devoran, **Eza.** 29:6 (2 Ne. 27:2). Senyè a pral vini avèk dife, **Eza.** 66:15. Li tankou yon dife pirifikatè, **Mal.** 3:2 (3 Ne. 24:2; D&A 128:24).

L ap batize w avèk Sentespri a epi avèk dife, **Mat.** 3:11 (Lik 3:16).

Dife ap prezève moun ki jis yo, **1 Ne.** 22:17. Dife ap detwi mechan yo, **2 Ne.** 30:10. Nefi te esplike kòman nou resevwa batèm dife ak Sentespri a, **2 Ne.** 31:13–14 (3 Ne. 9:20; 12:1; 19:13; Etè 12:14; D&A 33:11).

Ou dwe deklare padon peche avèk batèm, epi avèk dife, **D&A** 19:31. Gran legliz abominab la ap tonbe anba dife devoran, **D&A** 29:21. Tè ap pase kòm si se avèk dife, **D&A** 43:32. Prezans Senyè a ap tankou dife kankannen, **D&A** 133:41.

Adan te batize avèk dife epi avèk Sentespri a, **Moyiz** 6:66.

Dilijans

Efò vanyan, konsistan, espesyalman nan sèvis Senyè a ak obeyisans pawòl li.

Koute m avèk dilijans, **Eza.** 55:2.

Bondye ap rekonpanse tout moun ki chèche l avèk dilijans, **Ebre** 11:6. Bay tout dilijans, ajoute vèti sou lafwa w, **2 Pyè** 1:5.

Anseye pawòl Bondye a avèk dilijans, **Jakòb** 1:19. Yo te li ekriti yo avèk dilijans, **Alma** 17:2. Yo te vle respekte kòmandman yo avèk tout dilijans, **3 Ne.** 6:14. An nou travay avèk dilijans, **Mowo.** 9:6.

Angaje nou nan bon koz avèk dilijans, **D&A** 58:27. Ni tou pa parese men travay avèk fòs ou, **D&A** 75:3. Koute pawòl lavi etènèl yo avèk dilijans, **D&A** 84:43. Se pou chak moun aprann travay li, epi pou l aji avèk tout dilijans, **D&A** 107:99.

Dim, dizyèm. *Gade tou nan* Lajan; Ofrann

Yon dizyèm pati nan salè anyèl yon moun bay Legliz la pou Senyè a. Fon dim yo itilize pou bati legliz ak tanp yo, pou sipòte travay misyonè, epi pou bati wadyòm Bondye sou tè a.

Abraram te bay Mèlkisedèk yon dizyèm nan tout sa li te posede, **Jen.** 14:18–20 (**Ebre** 7:1–2, 9; **Alma** 13:15). Tout dizyèm nan se pou Senyè a: li sen devan Senyè a, **Lev.** 27:30–34. Ou dwe reyèlman wete yon dizyèm nan tout salè w, **Det.** 14:22, 28. Yo te pote dizyèm tout bagay an abondans, **2 Kwo.** 31:5. Èske yon moun dwe vòlè Bondye? Nan ki sa nou vòlè w? Nan dizyèm ak ofrann, **Mal.** 3:8–11 (3 **Ne.** 24:8–11).

Yon moun ki peye dizyèm li p ap boule lè li vini, **D&A** 64:23 (**D&A** 85:3). Kay Senyè a dwe bati avèk dim pèp li a, **D&A** 97:11–12. Senyè a te revele lwa dim nan, **D&A** 119. Yon konsèy dwe pran dispozisyon pou depans dim nan, **D&A** 120.

Dimanch. *Gade nan* Jou Saba

Dis Kòmandman. *Gade nan* Kòmandman, dis yo

Dis Tribi. *Gade nan* Izrayèl

Disènman, Don. *Gade tou nan* Don Lespri yo

Konprann oubyen konnen yon bagay pa pouvwa Lespri a. Don disènman an se youn nan don Lespri a. Li gen ladan l tou pèsèpsyon vrè karaktè moun avèk sous epi avèk siyifikasyon manifestasyon espirityèl.

Lèzòm gade sou aparans, men Senyè a gade nan kè, **1 Sam.** 16:7. Malè moun ki rele mal byen, **Eza.** 5:20 (2 **Ne.** 15:20).

Bagay Bondye yo kapab disène avèk Lespri a, **1 Kor.** 2:14. Gen kèk moun ki

resevwa don pou yo disène lespri yo, **1 Kor.** 12:10.

Amon te kapab disène panse l yo, **Alma** 18:18. Ti vwa a te pèse moun ki te tande l yo, **3 Ne.** 11:3.

Pou yo kapab pa twonpe w, chèche pi bon don an, **D&A** 46:8, 23. Dirijan Legliz yo resevwa pouvwa pou yo disène don Lespri, **D&A** 46:27. Kò sa ki plen limyè a, li konprann tout bagay, **D&A** 88:67.

Moyiz te wè tè a, li te disène l avèk Lespri Bondye, **Moyiz** 1:27.

Disip. *Gade tou nan* Apot; Jouk; Konvèsyon, konvèti; Kreyen yo

Yon moun k ap suiv Jezikri, ki mache dapre ansèyman Kris yo (**D&A** 41:5). Yo itilize *disip* pou dekri Douz Apot Kris te chwazi yo pandan ministè terès Li a (**Mat.** 10:1–4). Yo itilize *disip* tou pou dekri douz gason yo Jezi te chwazi pou dirije Legliz Li a pami Nefit ak Lamanit yo (3 **Ne.** 19:4).

Sele lwa a nan pami disip mwen yo, **Eza.** 8:16.

Si w kontinye nan pawòl mwen, lè sa w se disip mwen, **Jan** 8:31.

Mòmmon te yon disip Jezikri, **3 Ne.** 5:12–13. Ou se disip mwen, **3 Ne.** 15:12. Twa disip p ap goute lanmò, **3 Ne.** 28:4–10.

Vwa avètisman an ap soti nan bouch disip yo, **D&A** 1:4. Disip mwen yo ap kanpe nan kote sen, **D&A** 45:32. Moun ki pa sonje pòv yo, sa ki nan bezwen yo, malad yo ak moun aflije yo, moun sa yo pa disip mwen, **D&A** 52:40. Nenpòt moun ki pa vle bay lavi l, li pa disip mwen, **D&A** 103:27–28.

Disip Nefit yo. *Gade nan* Twa disip Nefit yo

Diskou sou mòn nan. *Gade tou nan* Beyatitid; Jezikri

Yon diskou Senyè Jezikri a te fè devan disip li yo li ta pral voye nan misyon an (**Mat.** 5–7; **Lik** 6:20–49). Senyè a te fè diskou a yon tikras tan apre apèl Douz yo.

Tradiksyon Joseph Smith te fè nan Bib la epi yon diskou sanblab ki te anrejistre nan 3 Nefi 12–14 ki montre kèk pati

Dispansasyon

enpòtan nan diskou a te pèdi nan istwa Matye a rann diskou a pi klè.

Dispansasyon. *Gade tou nan* Kle prètriz la; *Levanjil*; *Prètriz*; *Retablisman levanjil* la

Yon dispansasyon levanjil se yon pe-ryòd tan lè Senyè a genyen omwen yon sèvitè otorize sou tè a ki gen kle prètriz sen l lan.

Adan, Enòk, Noye, Abraram, Moyiz, Jezikri, Joseph Smith ak lòt moun, yo chak te kòmanse yon nouvo dispansasyon levanjil. Lè Senyè òganize yon dispansasyon, li revele levanjil la ankò pou pèp dispansasyon an pa depann de dispansasyon pase yo pou konesans plan sali a. Dispansasyon Joseph Smith te kòmanse a rele “dispansasyon plenitud tan yo.”

Bondye nan syèl la te tabli yon wayòm, **Dan.** 2:44 (D&A 65).

Nan dènye jou yo m ap devide Lespri m sou tout moun, **Tra.** 2:17 (Jowèl 2:28). Syèl la dwe resevwa Kris la jis nan epòk restorasyon tout bagay yo, **Tra.** 3:21. Nan dispansasyon tout tan yo, Bondye ap rasanble tout bagay nan Kris, **Efe.** 1:10.

M ap tabli Legliz mwen nan pami yo, **3 Ne.** 21:22.

Senyè a konfyè kle wayòm li avèk yon dispansasyon levanjil la pou dènye fwa, **D&A** 27:13. Kle dispansasyon sa yo konfyè nan men w yo, **D&A** 110:12–16. Tout kle dispansasyon pase yo te restore nan dispansasyon plenitud tan yo, **D&A** 128:18–21.

Dispèsyon. *Gade nan* Izrayèl—*Dispèsyon* Izrayèl la

Dispèsyon Izrayèl. *Gade nan* Izrayèl—*Dispèsyon* Izrayèl la

Divinite. *Gade nan* Bondye, *Divinite*

Divòs. *Gade tou nan* Maryaj, *marye*

Finisman yon maryaj pa pouvwa sivil oubyen lwa eklezyastik. Daprè Nouvo Testaman an, Bondye te pèmèt divòs nan kèk kondisyon poutèt kè di pèp la; sepandan, jan Jezi te esplikè a, “sa pa t

konsa depi nan kòmansman” (Mat. 19:3–12). Ekriti yo te di pale kont divòs an jeneral epi yo konseye mari avèk madanm pou youn renmen lòt nan jistis (1 Kor. 7:10–12; D&A 42:22).

Diy, diyite. *Gade tou nan* Jis, *jistis*

Lè moun jis pèsònèlman epi lè yo jwenn apwobasyon devan Bondye ak dirijan Li lonmen yo.

Yon moun ki pa pran kwa l, li pa diy devan m, **Mat.** 10:38. Travayè merite salè, **Lik** 10:7 (D&A 31:5).

Pa bliye fè tout bagay avèk diyite, **Mòm.** 9:29. Yo pa t batize san yo pa diy, **Mowo.** 6:1.

Parese yo p ap konte nan pami diy yo, **D&A** 107:100. Yon moun ki pa sipòte chatiman li pa diy pou wayòm mwen an, **D&A** 136:31. Tout gason diy nan Legliz la kapab resevwa prètriz la, **DO** 2.

Dlo Vivan. *Gade tou nan* Jezikri

Yon senbòl Senyè Jezikri a ak ansèyman Li yo. menm jan dlo nesèsè pou soutni lavi fizik la, Sovè a ak ansèyman Li yo (dlo vivan) endispansab pou lavi etènèl la.

Avèk jwa, ou pral tire dlo nan pwi sali a, **Eza.** 12:3. Yo te bliye m, mwenmenm ki se fontèn dlo vivan an, **Jer.** 2:13.

Nenpòt moun ki bwè nan dlo m pral ba li a, li p ap janm swaf, **Jan** 4:6–15. Si nenpòt moun swaf, se pou l vin jwenn mwen pou l bwè, **Jan** 7:37.

Ba fè a te mennen nan fontèn dlo vivan an, **1 Ne.** 11:25.

Bwè nan dlo vivan an gratis, **D&A** 10:66. Kòmandman m yo ap yon pwi dlo vivan, **D&A** 63:23.

Doktrin ak Alyans yo. *Gade tou nan* Ekriti yo; *Kanonik*; *Liv Kòmandman* yo; *Smith, Joseph, pitit* la

Yon koleksyon revelasyon divèn ak deklarasyon divèn nan dènye jou yo. Senyè a te bay Joseph Smith ak anpil lòt nan siksesè li yo pou tablisman ak fonksyonman wayòm Bondye a sou tè a nan dènye jou yo. Doktrin ak Alyans yo se youn nan ekriti prensipal Legliz Jezikri pou Sen

Dènye Jou yo, ansanm avèk Bib la, Liv Mòm an, ak Pèl Gran Pri a. Doktrin ak Alyans yo san parèy, poutèt li pa tradiksyon yon ansyen dokiman; Senyè a te bay pwofèt Li chwazi yo nan tan modèn sa a revelasyon sa a yo pou l kapab retabli wayòm ni an. Nan revelasyon yo, nou tande vwa Senyè Jezikri a ki dous men ki fèm (D&A 18:35–36).

Istwa Pwofèt Joseph Smith la te di konsa Doktrin ak Alyans yo se fondasyon Legliz nan dènye jou yo ak yon benefis pou mond lan (D&A 70:antèt). Revelasyon ki ladann yo entwodui travay pou prepare chemen an pou Dezyèm Vini Senyè a, pou akonpli tout pawòl pwofèt yo te pale depi mond lan te kòmanse.

Doktrin Kris. *Gade tou nan* Levanjil; Plan redanmsyon

Prensip ak ansèyman levanjil Jezikri a.

Doktrin mwen an pral tonbe tankou lapli, **Det.** 32:2. Moun ki mimire y ap aprann doktrin, **Eza.** 29:24.

Doktrin li a te etone pèp la, **Mat.** 7:28. Doktrin mwen an pa pou mwen, men se pou moun ki te voye m nan, **Jan** 7:16. Tout ekriti pwofitab pou doktrin, **2 Tim.** 3:16.

Se doktrin Kris la, epi se sèl vrè doktrin Papa a, **2 Ne.** 31:21 (2 Ne. 32:6). Pa dwe gen diskisyon nan pami nou konsènan pwen doktrin mwen an, **3 Ne.** 11:28, 32, 35, 39–40.

Satan pouse kè pèp la nan kontansyon konsènan pwen doktrin mwen yo, **D&A** 10:62–63, 67. Anseye timoun yo doktrin repantans, lafwa nan Kris, batèm ak don Sentespri a, **D&A** 68:25. Anseye youn lòt doktrin wayòm nan, **D&A** 88:77–78. Doktrin prètiz la pral distile sou nanm ou, **D&A** 121:45.

Dòm

Yon eta repo kote moun rete inaktif epi san konesans. Senyè a te konsye Sen L yo pou yo pa dòmi plis pase sa yo bezwen (D&A 88:124). Dòm kapab reprezante senbòl lanmò espirityèl tou (1 Kor. 11:30; 2 Ne. 1:13) oubyen lanmò fizik (Mòm. 9:13).

Don. *Gade tou nan* Don Lespri yo; Don Sentespri

Bondye bay lèzòm anpil benediksyon ak don.

Gen anpil don espirityèl, **1 Kor.** 12:4–10. Chèche pi bon don yo avèk anprèsman, **1 Kor.** 12:31. Tout don pafè soti nan men Bondye, **Jak** 1:17.

Pouvwa Sentespri a se don Bondye, **1 Ne.** 10:17. Moun ki di pa gen don yo, yo pa konnen levanjil Kris la, **Mòm.** 9:7–8. Chak bon don soti nan men Kris la, **Mowo.** 10:8–18.

Lavi etènèl se pi gran don pase tout lòt don Bondye, **D&A** 14:7 (1 Ne. 15:36). Se moun ki renmen Senyè a ki resevwa don, **D&A** 46:8–11. Tout moun pa resevwa tout don, **D&A** 46:11–29.

Don Lespri yo. *Gade tou nan* Don

Benediksyon espirityèl espesyal Senyè a bay moun ki diy pou benefis pa yo epi pou yo itilize pou beni lòt moun. Pou yon deskripsyon don Lespri yo, etidye Doktrin ak Alyans 46:11–33; 1 Korentyen 12:1–12; Mowoni 10:8–18.

Konvwate pi bon don yo avèk anprèsman, **1 Kor.** 12:31 (1 Kor. 14:1).

Nefit yo te resevwa anpil don Lespri a, **Alma** 9:21. Malè yon moun ki di konsa Senyè a pa travay avèk don yo oubyen pouvwa Sentespri a ankò, **3 Ne.** 29:6. Bondye bay moun fidèl yo don, **Mòm.** 9:7. Don yo vini nan Lespri Kris la, **Mowo.** 10:17.

Gen anpil don epi chak moun resevwa yon don nan Lespri a, **D&A** 46:11. Dirijan Legliz yo resevwa pouvwa pou yo disènen don Lespri a, **D&A** 46:27. Prezidan Legliz la gen tout don Bondye devès sou tèt Legliz la, **D&A** 107:91–92.

Don Sentespri. *Gade nan* Bondye, Divinite; Don; Don Lespri yo; Sentespri

Se dwa chak manm Legliz la ki diy pou l gen enfluyans Sentespri a toutan. Apre batèm yon moun nan vrè Legliz la, li resevwa don Sentespri a pa enpozisyon men yon moun ki gen otorite pou

Dotasyon

sa (Tra. 8:12–25; Mowo. 2; D&A 39:23). Resevwa don Sentespri a refere souvan nan batèm dife (Mat. 3:11; D&A 19:31).

Lèzòm dwe repanti, batize, epi resevwa don Sentespri a, **Tra.** 2:38. Pyè ak Jan te konfere don Sentespri a pa enpozisyon men, **Tra.** 8:14–22. Don Sentespri a bay pa enpozisyon men, **Tra.** 19:2–6.

Padon pou peche yo vini pa mwayen dife epi Sentespri, **2 Ne.** 31:17.

Nou kwè nan enpozisyon men pou don Sentespri a, **AL** 1:4.

Dotasyon. *Gade tou nan* Tanp, kay Senyè a

Nan yon sans jeneral, yon don ki soti nan men Bondye. Manm diy nan Legliz la kapab resevwa yon don pouvwa òdonans ki fèt nan tanp ki ba yo enstriksyon ak alyans Prèttriz Sen an yo bezwen pou yo kapab gen Egzaltasyon. Nan dotasyon an, gen enstriksyon sou plan sali a tou.

Se la w ap resevwa dotasyon pouvwa ki soti nan syèl la, **D&A** 38:32, 38 (Lik 24:49; D&A 43:16). Bati yon kay kote m planifye pou m dote moun m te chwazi yo, **D&A** 95:8. M te prepare yon gran dotasyon ak benediksyon, **D&A** 105:12, 18, 33. Anpil moun pral rejwi poutèt dotasyon sèvitè m yo te resevwa a, **D&A** 110:9. Òdonans kay sen mwen an te òdone glwa, onè, ak dotasyon, **D&A** 124:39. Moun Papa a te aple menm jan ak Aawon, yo dote avèk kle prèttriz yo, **D&A** 132:59.

Dou, dousè. *Gade tou nan* Enb, imilite; Kè brize; Pasyans

Krenn Bondye, jis, enb, anseyab, epi pasyan nan soufrans. Moun ki dou yo gen volonte pou yo suiv ansèyman levanjil la.

Moyiz te dou anpil, **Nonb** 12:3. Moun dou yo pral eritye tè a, **Sòm** 37:11 (Mat. 5:5; 3 Ne. 12:5; D&A 88:17). Chèche Senyè a, nou menm tout moun dou yo; chèche jistis, chèche vin dou, **Sof.** 2:3 (1 Tim. 6:11).

Aprann nan men m paske m dou epi m gen bon kè, **Mat.** 11:29. Dousè se fwi

Lespri a, **Gal.** 5:22–23. Sèvitè Senyè a dwe janti, anseyab, pasyan, anseye moun ki opoze yo avèk dousè, **2 Tim.** 2:24–25. Yon lespri dou epi trankil gen gran pri devan Bondye, **1 Pyè** 3:4.

Chase lòm natirèl la epi vin dou, **Mozya** 3:19 (Alma 13:27–28). Bondye te kòmande Elaman pou l anseye pèp la vin dou, **Alma** 37:33. Gras Senyè a ase pou moun dou yo, **Etè** 12:26. Ou gen lafwa nan Kris poutèt ou dou, **Mowo.** 7:39. Okenn moun pa akseptab devan Bondye eksepte moun ki dou epi ki gen bon kè, **Mowo.** 7:44. Padon peche mennen dousè, epi poutèt dousè vizit Sentespri a fèt, **Mowo.** 8:26.

Mache nan dousè Lespri m, **D&A** 19:23. Nan dousè gouvènè kay ou, **D&A** 31:9. Jantiyès ak dousè kapab sipòte pouvwa ak enfliyans prèttriz la, **D&A** 121:41.

Douz, Kowòm. *Gade nan* Apot**Douz Tribi Izrayèl.** *Gade nan* Izrayèl—
Douz tribi Izrayèl yo**Dwadenès.** *Gade tou nan* Alyans; Premye ne, premyene

Yon dwa eritaj ki pou premye pitit gason an. Nan yon sans laj, dwadenès la gen nenpòt oubyen tout dwa oubyen eritaj yon moun resevwa lè li fèt nan yon fanmi ak yon kilti.

Vann mwen dwadenès ou jodi a, **Jen.** 25:29–34 (Jen. 27:36). Premyene a te chita dapre dwa nesans li, **Jen.** 43:33. Li te mete Efrayim anvan Manase, **Jen.** 48:14–20 (Jer. 31:9). Dwadenès la te pou Jozèf, **1 Kwo.** 5:2.

Ezayi te vann dwadenès li, **Ebre** 12:16.

Ou se eritye legal, **D&A** 86:9. Siyon gen dwa nan liyaj prèttriz la, **D&A** 113:8 (Abr. 2:9–11).

Dyab. *Gade tou nan* Antekris; Destriktè; Lanfè; Lespri—Move lespri; Lisifè; Pitit pèdisyon yo

Satan. Dyab la se ènmi jistis ak moun k ap chèche fè volonte Bondye. Literalman, li se yon pitit gason espiritiyèl Bondye epi yon lè li te yon zanj ki te gen otorite nan prezans Bondye (Eza. 14:12;

2 Ne. 2:17). Sepandan, li te revòlte nan lavi premòtèl la epi li te pèsyade yon tyè nan pitit espiyitèl Papa a pou yo revòlte avèk li (D&A 29:36; Moyiz 4:1–4; Abr. 3:27–28). Yo te chase yo nan syèl la, yo te pèdi opòtinite pou yo te gen yon kò mòtèl pou yo te kapab fè eksperyans lavi mòtèl la, epi y ap kondane etènèlman. Depi lè yo te chase dyab la nan syèl la, l ap chèche tout nan pou l twonpe tout gason ak tout fi pou l kondi yo lwen travay Bondye a—pou l rann tout moun mizerab menm jan avèk li (Apok. 12:9; 2 Ne. 2:27; 9:8–9).

Jezi te reprimande dyab la, **Mat.** 17:18. Dife etènèl te prepare pou dyab la avèk zanj li yo, **Mat.** 25:41. Reziste kont dyab la, epi l ap kouri soti devan w, **Jak** 4:7.

Moun mechan an ap desann nan kaptivite dyab la, **1 Ne.** 14:7. Dyab la se papa tout manti, **2 Ne.** 2:18 (Moyiz 4:4). Dyab la ap chèche pou tout moun kapab vin mizerab menm jan avèk li, **2 Ne.** 2:27. Si kò a pa t ap janm leve, lespri nou t ap soumèt anba dyab la, **2 Ne.** 9:8–9. Dyab la ap fè raj, l ap pasifye epi l ap flate, **2 Ne.** 28:20–23. Bagay ki move soti nan dyab la, **Omni** 1:25 (Alma 5:40; Mowo. 7:12, 17). Fè atansyon pou kontansyon pa leve nan pami w, pou w pa obeyi lespri malen an, **Mozya** 2:32. Si w pa mouton bon bèje a, dyab la se bèje w, **Alma** 5:38–39. Dyab la p ap ede pitit li yo, **Alma** 30:60. Priye tout tan pou tantasyon dyab la pa pote w ale, **Alma** 34:39 (3 Ne. 18:15, 18). Bati fondasyon w sou Redanmtè a pou gwo siklòn dyab la pa gen pouwva sou ou, **Ela.** 5:12. Dyab la se kretyè tout peche, **Ela.** 6:26–31.

Dyab la ap chèche tabli yon plan mèt-dam, **D&A** 10:12. Se nesèsè pou dyab la tante pitit lèzòm, san sa yo pa t ap kapab responsab, **D&A** 29:39. Adan te vin soumèt anba volonte dyab la poutèt li te bay tantasyon priyorite, **D&A** 29:40. Pitit gason pèdisyon yo pral gouvène avèk dyab la epi avèk zanj li yo nan letènite, **D&A** 76:32–33, 44. Dyab la pral mare pou mil ane, **D&A** 88:110 (Apok.

20:2). Mechan an wete limyè ak verite, **D&A** 93:39.

Satan pa t kenbe premye eta li a, **Abr.** 3:28.

Legliz dyab la: Chak move òganizasyon monden sou tè a k ap pèvèti levanjil pi, pafè a epi ki goumen kont ti Mouton Bondye a.

Dyab la te fonde gwo legliz abominab la, **1 Ne.** 13:6 (1 Ne. 14:9). Gen de legliz sèlman, youn se pou ti Mouton Bondye a epi lòt la pou dyab la, **1 Ne.** 14:10 (Alma 5:39).

Pa goumen avèk okenn legliz, ekseptè legliz dyab la, **D&A** 18:20. Gwo legliz abominab la gen pou l kraze, **D&A** 29:21.

Dyak. *Gade tou nan* Prètriz Aawon an

Yon apèl nan sèvis Legliz nan epòk Apot Pòl la (Filip. 1:1; 1 Tim. 3:8–13) epi yon responsablite nan Prètriz Aawon an (D&A 20:38, 57–59; 84:30, 111; 107:85).

Ebre. *Gade tou nan* Izrayèl

Yon langaj Sèmitik pitit Izrayèl yo te pale.

Izrayelit yo te pale Ebre jistan yo te retounen soti nan kaptivite Babilòn, lè sa a Aramik te vin tounen lang konvèsasyon chak jou. Pandan epòk Jezi a, Ebre se te langaj moun save yo, langaj lwa a ak langaj literati relijye.

Ebre, Epit pou. *Gade tou nan* Epit Pòl yo; Pòl

Yon liv nan Nouvo Testaman an. Pòl te ekri manm Juif yo nan Legliz la lèt sa a, pou fè yo konnen kèk aspè enpòtan nan lwa Moyiz la te akonpli nan Kris epi yon pi gran lwa levanjil Kris la te ranplase l. Lè Pòl te retounen Jerizalèm nan finisman twazyèm misyon l la (anviwon 60 APRÈ JEZIKRI), li te jwenn anpil manm Juif nan Legliz la t ap kontinye respekte lwa Moyiz la (Tra. 21:20). Se te omwen dis ane apre konferans Legliz la nan Jerizalèm te fè konnen kèk nan òdonans lwa Moyiz la pa t nesèsè pou sali Kretyen janti yo. Aparaman, yon ti tan apre, Pòl te ekri moun Ebre yo pou l te

Ebwon

montre yo, avèk pwòp ekriti pa yo epi avèk rèzonman lojik, poukisa yo pa dwe pratike lwa Moyiz la ankò.

Chapit 1 ak 2 esplike Jezi pi gran pase zanj yo. Chapit 3–7 konpare Jezi avèk Moyiz ak lwa Moyiz la epi li temwaye Jezi pi gran pase yo tou de. Yo anseye Prètriz Mèlkisedèk la pi gran pase Prètriz Aawon an tou. Chapit 8–9 dekriti kòman òdonans Moyiz yo te prepare pèp la pou ministè Kris la epi kòman Kris se mediyatè nouvo alyans lan (Alma 37:38–45; D&A 84:21–24). Chapit 10 se yon Egzòtasyon pou dilijans ak fidelite. Chapit 11 se yon diskou lafwa. Chapit 12 bay konsèy ak salitasyon. Chapit 13 tabli relasyon ant nati onorab maryaj ak enpòtans obeyisans.

Ebwon

Yon ansyen vil Jida, 20 mil (32 kilomèt) nan sid Jerizalèm. Se la Abraram ak fanmi li te antere (Jen. 49:29–32). Se te kapital David pandan kòmansman rèy li a (2 Sam. 5:3–5).

Edenn. *Gade tou nan* Adan; Èv

Kay premye paran nou yo, Adan ak Èv (Jen. 2:8–3:24; 4:16; 2 Ne. 2:19–25; Moyiz 3–4; Abr. 5). Deziye kòm yon jaden, nan lès Edenn nan. Yo te chase Adan ak Èv nan Edenn lè yo te fin manje fwi defandi a epi yo te vin mòtèl (Moyiz 4:29). Revelasyon dènye jou yo konfime istwa bibliik Jaden Edenn an. Yo ajoute enfòmasyon enpòtan nan ki fè konnen jaden an te nan kote nou rele kontinan Amerik dinò la kounyeya.

Efezyen, Epit pou. *Gade tou nan* Epit Pòl yo; Pòl

Nan Nouvo Testaman an, yon epit Apot Pòl te ekri voye bay Sen Efèz yo. Epit la gen gran enpòtans paske li genyen ansèyman Pòl konsènan Legliz Kris la.

Chapit 1 gen salitasyon abityèl la. Chapit 2–3 esplike chanjman ki fèt nan moun lè yo vin tounen manm Legliz la—yo vin tounen konsitwayen avèk Sen yo, Janti yo ak Juif yo ki reyini nan

yon sèl Legliz. Chapit 4–6 esplike wòl Apot yo ak pwofèt yo, neseseite pou inite, epi ak neseseite pou moun abiye yo ak tout zam Bondye.

Efrayim. *Gade tou nan* Izrayèl; Jozèf, pitit gason Jakòb; Liv Mòmmon; Manase

Nan Ansyen Testaman an, dezyèm pitit gason Jozèf avèk Asena a (Jen. 41:50–52; 46:20). Kontrèman avèk fason tradisyonèl la, Efrayim te resevwa dwa premyene a nan plas Manase, ki te premye pitit gason an (Jen. 48:17–20). Efrayim te vin tounen papa tribi Efrayim nan.

Tribi Efrayim nan: Efrayim te resevwa dwa denès la nan Izrayèl (1 Kwo. 5:1–2; Jer. 31:9). Nan dènye jou yo, privilèj yo ak responsablite yo se pou yo gen prètriz la, pote mesaj levanjil retabli a bay tout mond lan, epi pou yo leve yon pan-kat pou rasanble Izrayèl (Eza. 11:12–13; 2 Ne. 21:12–13). Pitit Efrayim yo pral kouwone moun ki soti nan peyi nò pou retounen nan dènye jou yo avèk kouwòn glwa (D&A 133:26–34).

Bwa Efrayim oubyen Bwa Jozèf: Istwa yon gwoup nan tribi Efrayim nan ki te resevwa direksyon soti nan Jerizalèm ale nan Amerik nan apeprè 600 ANVAN JEZIKRI a. Rejis gwoup sa a rele bwa Efrayim oubyen Jozèf, oubyen Liv Mòmmon an. Li menm ak bwa Jida a (Bib la) fòme yon temwayaj reyini Senyè Jezikri a, rezirèksyon L, ak travay divèn Li te fè pami de branch pèp Izrayèl sa yo.

Youn nan branch Efrayim yo pral detache epi l ap ekri yon lòt temwayaj Kris, **TJS, Jen.** 50:24–26, 30–31. Bwa Jida a ak bwa Jozèf la ap vin tounen yon sèl, **Ezek.** 37:15–19.

Ekriti Jida yo ak ekriti Jozèf yo pral grandi ansanm, **2 Ne.** 3:12. Senyè a te pale avèk anpil nasyon, **2 Ne.** 29.

Mowoni te resevwa kle bwa Efrayim nan, **D&A** 27:5.

Egzaltasyon. *Gade tou nan* Ekspyasyon, ekspye; Glwa selès; Kouwòn; Lavi etènèl; Lèzòm,

lòm—Lòm, gen potansyalite pou vin tankou Papa Bondye

Pi gwo bonè ak glwa nan wayòm sèlès la.

Nan prezans ou gen jwa total, **Sòm** 16:11.

Yo se bondye, yo menm se pitit gason Bondye—se poutèt sa, tout bagay pou yo, **D&A** 76:58–59. Sen yo pral resevwa eritaj yo epi y ap vin egal avèk li, **D&A** 88:107. Zanj sa yo p ap aplike lwa mwen; se poutèt sa, yo rete separe epi sèl, san Egzaltasyon, **D&A** 132:17. Gason ak fi dwe marye daprè lwa Bondye pou yo kapab gen Egzaltasyon, **D&A** 132:19–20. Pòt ki mennen nan egzaltasyon an dwat epi chemen an fen, **D&A** 132:22–23. Abraram, Izarak, ak Jakòb te antre nan egzaltasyon yo, **D&A** 132:29, 37. M sele egzaltasyon w sou tèt ou, **D&A** 132:49.

Egzòd. *Gade tou nan Pantatèk*

Yon liv nan Ansyen Testaman an Moyiz te ekri a ki dekri depa Izrayelit yo nan peyi Ejipt la. Daprè jan istwa kòmansman Izrayèl la te anrejistre nan Egzòd la, li kapab divize an twa pati: (1) esklavaj pèp la nan Ejipt, (2) depa yo nan Ejipt sou direksyon Moyiz, epi (3) devouman yo nan sèvis Bondye nan lavi relijye yo ak lavi politik yo.

Premye pòsyon an, Egzòd 1:1–15:21 esplike tray Izrayèl nan Ejipt; kòmansman istwa a ak apèl Moyiz la; Egzòd la ak tablisman pak la; travès Lanmè Wouj la, destriksyon lame Farawon an, epi chan viktwa Moyiz.

Dezyèm pòsyon an, Egzòd 15:22–18:27 rakonte redanmsyon Izrayèl ak evènman konsènan vwayaj soti nan Lanmè Wouj pou ale nan Sinayi a; dlo anmè Mara a, resepsyon kay ak lamàn nan, respè Saba a, don mirakile dlo nan Refidim nan, ak batay avèk Amalekit yo; arive Jetwo nan kan an ak konsèy li sou gouvènman sivil pèp la.

Twazyèm pòsyon an, chapit 19–40, pale de devouman Izrayèl nan sèvis Bondye pandan evènman solanèl Sinayi a. Senyè a te mete pèp la apa kòm yon wayòm prèt ak yon nasyon sen; Li te bay

dis kòmandman yo; epi Li te bay enstriksyon konsènan tabènak la, founiti tabènak la ak adorasyon andedan l. Apre sa se istwa peche pèp la nan adorasyon jèn bèf annò a, epi finalman se istwa kons-triksiyon tabènak la ak dispozisyon pou sèvis ladann.

Ejipt

Yon peyi ki nan kwen nò dè Afrik. Majorite Ejipt la se yon savann dezole. Majorite abitan yo rete nan Vale Nil la, ki mezire anviwon 550 mil.

Ansyen Ejipt la te rich epi li te pwospè. Anpil gran travay piblik te bati, plis kanal pou irigasyon; vil fò pou defans; ak moniman pou wa yo, espesyalman tonb piramid ak tanp ki pami mèvèy mond lan jis kounyeya. Kèk tan, gouvènman Ejipt-syen an te yon imitasyon lòd patriyakal prèttriz la (**Abr.** 1:21–27).

Abraram ak Jozèf te resevwa direksyon pou yo ale nan Ejipt pou yo sove fanmi yo kont famin, **Jen.** 12:10 (**Jen.** 37:28). Yo te vann Jozèf bay Ejipt, **Jen.** 45:4–5 (1 **Ne.** 5:14–15). Jakòb te jwenn direksyon pou l ale an Ejipt, **Jen.** 46:1–7. Moyiz te dirije pèp Izrayèl la soti nan Ejipt, **Egz.** 3:7–10; 13:14 (**Ebre** 11:27; 1 **Ne.** 17:40; Moyiz 1:25–26). Ejipt senbolize mechanste, **Ezek.** 29:14–15 (**Oze** 9:3–7; **Abr.** 1:6, 8, 11–12, 23).

Yon zanj te di Jozèf pou l pati avèk Mari epi avèk Jezi ale nan Ejipt, **Mat.** 2:13 (**Oze** 11:1).

Ejiptis

Non madanm ak pitit fi Kam nan, ki te pitit gason Noye a. Nan Kaldeyen, non an vledi “Ejipt” oubyen “yon bagay defandi” (**Abr.** 1:23–25).

Eklezyas

Yon liv nan Ansyen Testaman an ki gen refleksyon konsènan kèk nan pwoblèm ki pi serye nan lavi a.

Otè liv la, Predikatè a, ekri majorite liv la daprè konsepsyon moun ki pa konprann levanjil. Li ekri daprè monden yo—ki vle di, moun ki “anba solèy la” (**Ekl.** 1:9). Pi fò liv la parèt negatif epi

Ekriti pèdi yo

pesimè (Ekl. 9:5, 10). Se pa konsa Senyè a ta vle nou wè lavi a men okontrè se jan Predikatè a te obsève bagay yo parèt pou moun yo sou tè a ki pa eklere. Pati ki pi espiyèl nan liv la se chapit 11 ak 12, kote ekriyen an di an konklizyon, sèl bagay ki gen yon valè dirab se obeyisans kòmmandman Bondye yo.

Ekriti pèdi yo. *Gade nan* Ekriti yo—
Ekriti pèdi yo

Ekriti yo. *Gade tou nan* Bib; Doktrin ak Alyans yo; Kanonik; Liv Mòmmon; Pawòl Bondye; Pèl Gran Pri

Pawòl moun sen Bondye yo ekri oubyen pale lè Sentespri a anime yo. Ekriti kanonik ofisyèl Legliz la kounyeya se Bib la, Liv Mòmmon an, Doktrin ak Alyans yo, ak Pèl Gran Pri a. Jezi ak ekriyen Nouvo Testaman yo konsidere liv Ansyen Testaman yo kòm ekriti (Mat. 22:29; Jan 5:39; 2 Tim. 3:15; 2 Pyè 1:20–21). Gade Kwonoloji nan apendis la tou.

Èske kè nou pa t rechofe andedan nou, pandan li te louvri ekriti yo devan nou, **Lik** 24:32. Etidye ekriti yo; paske se ladan yo ou panse w gen lavi etènèl: epi se yo menm ki temwaye konsènan mwen, **Jan** 5:39.

Pawòl Kris la pral di w tout bagay ou dwe fè, **2 Ne.** 32:3. Tout moun ki te vin kwè nan ekriti sen yo, yo fèm epi yo tennfas nan lafwa a, **Ela.** 15:7–8.

Lèzòm egare lè y ap goumen kont ekriti yo epi yo pa konprann yo, **D&A** 10:63. Pawòl sa yo pa soti nan men lèzòm ni lòm, men yo soti nan men mwen, **D&A** 18:34–36. Aparisyon Liv Mòmmon an pwouve mond lan ekriti yo se verite, **D&A** 20:2, 8–12. Devwe tan w pou etid ekriti yo, **D&A** 26:1. Ekriti yo la pou enstriksyon Sen yo, **D&A** 33:16. Ekriti yo la pou sali moun chwazi yo, **D&A** 35:20. Anseye prensip levanjil mwen yo, ki nan Bib la ak Liv Mòmmon an, **D&A** 42:12. M bay lwa mwen konsènan bagay sa yo nan ekriti m yo, **D&A** 42:28. Nenpòt sa moun di sou enfliyans Sentespri a, se ekriti, **D&A** 68:4.

Ekriti pèdi yo: Gen anpil dokiman sakre ki mansyone nan ekriti yo nou pa genyen jodi a. Pami yo gen liv sa yo ak ekriyen sa yo: alyans lan (Egz. 24:7), lagè Senyè a yo (Nonb 21:14), Jachè (Joz. 10:13; 2 Sam. 1:18), ak Salomon yo (1 Wa 11:41), Samyèl vwayan an (1 Kwo. 29:29), Natan, pwofèt la (2 Kwo. 9:29), Chemeja, pwofèt la (2 Kwo. 12:15), Ido, pwofèt la (2 Kwo. 13:22), Jei (2 Kwo. 20:34), pawòl vwayan yo (2 Kwo. 33:19), Enòk (Jid 1:14), epi pawòl Zenòk yo, Neyòm, ak Zenòs (1 Ne. 19:10), Zenòs (Jakòb 5:1), Zenòk ak Ezyas (Ela. 8:20), epi yon liv rapèl (Moyiz 6:5); yon epit pou Korentyen yo (1 Kor. 5:9), pou Efezyen yo (Efe. 3:3), epi pa Lawodise a (Kol. 4:16), epi pa Jid (Jid 1:3).

Ekriti ki dwe prezève: Nou ta dwe jwenn rejis sa yo pou nou kapab prezève pawòl pwofèt yo te pale yo, **1 Ne.** 3:19–20. M ta dwe prezève plak sa yo, **Jakòb** 1:3. Men Bondye te kenbe epi prezève bagay sa yo, **Mozya** 1:5. Pran swen bagay sakre sa yo, **Alma** 37:47.

Ekriti yo pral prezève avèk sekirite, **D&A** 42:56.

Itilize tout kapasite pou w prezève yo, **I—JS** 1:59.

Valè ekriti yo: Ou dwe li lwa sa a devan tout Izrayèl, **Det.** 31:10–13. Liv lalwa sa a pa dwe soti nan bouch ou, **Joz.** 1:8. Lwa Senyè a pafè pou konvèti nanm moun, **Sòm** 19:7. Pawòl ou se yon lanp pou pye m, **Sòm** 119:105.

Ekriti yo temwaye konsènan mwen, **Jan** 5:39. Tout ekriti soti nan enspirasyon Bondye epi yo pwofitab pou doktrin ak enstriksyon, **2 Tim.** 3:15–16.

M te konpare tout ekriti yo avèk lavi nou pou nou kapab pwofite ak aprann, **1 Ne.** 19:23. Nanm mwen pran plèzi nan ekriti yo, **2 Ne.** 4:15–16. Nou travay avèk dilijans pou nou ekri, pou nou kapab pèsyade pitit nou yo, ak frè nou yo kwè nan Kris, **2 Ne.** 25:23. Yo te etidye ekriti yo epi yo sispann koute pawòl nonm mechan sa a, **Jakòb** 7:23 (Alma 14:1). Si se pa t pou plak sa yo, nou t ap soufri nan iyorans, **Mozya** 1:2–7. Yo te etidye ekriti yo avèk dilijans, pou yo te kapab konnen pawòl

Bondye, **Alma** 17:2–3. Ekriti yo prezève pou yo kapab mennen nanm moun nan sali, **Alma** 37:1–19 (2 Ne. 3:15). Pawòl Bondye a pral dirije moun Kris yo, **Ela** 3:29.

Nenpòt pawòl Sentespri a fè yo pale, se ap ekriti ak pouvwa Bondye pou sali, **D&A** 68:4. Enprime plenitid ekriti m yo nan entansyon pou w bati Legliz mwen an epi pou w prepare pèp mwen an, **D&A** 104:58–59.

Nenpòt moun ki onore pawòl mwen, yo p ap pran nan desepsyon, **M—JS** 1:37.

Pwofesi konsènan ekriti k ap vini: Ezayi te predi aparasyon Liv Mòmmon an, **Eza**. 29:11–14. Pran yon moso bwa, epi ekri sou li pou Jida, **Ezek**. 37:15–20.

Gen lòt liv ki pral vini, **1 Ne**. 13:39. Ou pa dwe panse Bib la gen tout pawòl mwen yo, **2 Ne**. 29:10–14. Kenbe levanjil Kris la, ki pral plase devan w nan rejis ki pral vini yo, **Mòm**. 7:8–9. Moun ki pral fè bagay sa parèt la beni, **Mòm**. 8:16. Ekri bagay sa yo epi m pral fè moun wè yo lè lide m di m, **Etè** 3:27 (Etè 4:7).

Nou kwè li pral revele anpil lòt bagay ankò, **AL** 1:9.

Ekskomunikasyon. *Gade tou nan*

Apostazi; Rebelyon

Ekskomunikasyon se aksyon disiplinè ki pi sevè nan Legliz la. Yon moun ki ekskominye pa manm Legliz la ankò. Otorite Legliz yo ekskominye yon moun nan Legliz la sèlman lè li chwazi pou l viv nan opozisyon kòmandman Senyè a epi konsa li diskalifye tèt li pou l pa manm Legliz la.

Kè anpil moun te vin di, epi non yo te efase, **Alma** 1:24 (Alma 6:3). Si li pa repanti, li p ap konte nan pami pèp mwen an, **3 Ne**. 18:31 (Mozya 26).

Adiltè ki pa repanti yo ap chase, **D&A** 42:24. Yon moun ki fè peche epi ki pa repanti l ap chase, **D&A** 42:28. Règ tabli pou rezoud difikilte enpòtan nan legliz la, **D&A** 102 (D&A 42:80–93). Evèk la lonmen pou l yon jij nan Izrayèl, **D&A** 107:72. Sosyete relijye gen dwa pou regle avèk manm ki gen konduit dezòdone, **D&A** 134:10.

Ekspyasyon, ekspye. *Gade tou nan* Chit Adan ak Èv; Gras; Imòtalite, imètèl; Jetsemane; Jezikri; Jistifikasyon, jistifye; Krisifikasyon; Kwa; Mizèrikòd; Padon; Pitit gason ak pitit fi Bondye; Pitit Kris yo; Plan redanmsyon; Redanmtè, restablisman, redanmsyon; Remisyon peche yo; Repantans, repanti; Rezirèksyon; Sakrifis; Sali; San; Sanktifikasyon; Sentsèn

Rekonsilye lèzòm avèk Bondye.

Menm jan li anlwaye nan ekriti yo, ekspye se soufri pinisyon pou yon peche, konsa wete konsekans peche sou tèt pechè ki repanti epi pèmèt li rekonsilye avèk Bondye. Jezikri sete sèl moun ki te kapab fè yon ekspyasyon pafè pou tout mond lan. Li te kapab fè sa pou tèt seleksyon L ak preòdinasyon Li nan Gran Konsèy la anvan mond lan te fòmè (Etè 3:14; Moyiz 4:1–2; Abr. 3:27), Li se yon Pitit Gason diven, epi lavi Li san peche. Soufrans Li pou peche lèzòm, san L ki te koule a, lanmò L ak rezirèksyon L nan tonb la fè pati nan ekspyasyon li a (Eza. 53:3–12; Lik 22:44; Mozya 3:5–11; Alma 7:10–13; D&A 19:16–19). Poutèt Ekspyasyon an, tout moun ap leve nan pami mò yo avèk yon kò imètèl (1 Kor. 15:22). Ekspyasyon an kreye yon mwayeren pou nou kapab jwenn padon pou peche nou epi pou nou kapab retounen viv pou tout tan avèk Bondye. Men yon moun ki rive nan laj responsablite epi ki konnen lwa a li kapab resevwa benedikasyon sa yo sèlman si li gen lafwa nan Jezikri, repanti nan peche l, resevwa òdonans sali yo, epi obeyi kòmandman Bondye yo. Moun ki pa rive nan laj responsablite ak moun ki pa konnen lwa a ap rachte poutèt Ekspyasyon an (Mozya 15:24–25; Mowo. 8:22). Ekriti yo ansyen klèman, si Kris la pa t ekspye peche nou, okenn lwa, okenn òdonans, oubyen okenn sakrifis pa t ap kapab satisfè egzijans lajistis yo, epi lèzòm pa t ap janm kapab retounen nan prezans Bondye (2 Ne. 2; 9).

Sa se san mwen, ki te koule pou anpil moun, pou padon peche yo, **Mat**. 26:28.

Elaman, pitit gason Alma

Swè li te tankou gwo gout san, **Lik** 22:39–44. Map bay kòm pou lavi mond lan, **Jan** 6:51. M se rezirèksyon, ak lavi, **Jan** 11:25. Kris se mèt sali etènèl pou sali tout moun ki obeyi, **Ebre** 5:9. Nou sanktifye poutèt san Kris la ki te koule, **Ebre** 9; 10:1–10. Kris te soufri yon fwa tou pou peche yo, **1 Pyè** 3:18. San Jezikri netwaye nou anba tout peche, **1 Jn.** 1:7.

Yo te leve l sou yon kwa epi yo te touye l poutèt peche yo, **1 Ne.** 11:32–33. Redanmsyon fèt pou moun ki gen yon kè brize ak yon lesprè kontri, **2 Ne.** 2:3–10, 25–27. Li te ofri tèt li kòm sakrifis pou peche, **2 Ne.** 2:7. Ekspyasyon an rachte lèzòm anba Chit la epi li sove yo anba lanmò ak lanfè, **2 Ne.** 9:5–24. Dwe genyen yon ekspyasyon enfini, **2 Ne.** 9:7. Rekon-silye avèk Bondye, pa mwayen ekspya-syon Kris la, **Jakòb** 4:11. San li te ekspye peche moun ki te fè peche nan iyorans, **Mozya** 3:11–18. Lèzòm te resevwa sali pa mwayen Ekspyasyon an, **Mozya** 4:6–8. Si se pa t poutèt Ekspyasyon an, yo t ap peri kanmèm, **Mozya** 13:27–32. L ap ekspye pou peche mond lan, **Alma** 34:8–16. Bondye limenm fè ekspyasyon pou peche mond lan, pou l kapab entwodui plan mizèrikòd la, **Alma** 42:11–30. M se Bondye tout tè a, ki te mouri pou peche mond lan, **3 Ne.** 11:14.

Mwen menm, Bondye, m te soufri bagay sa yo pou tout moun, **D&A** 19:16. Timoun piti yo rachte nan Sèl Pitit Literal mwen an, **D&A** 29:46–47. Men soufrans ak lanmò moun ki pa t fè peche a, **D&A** 45:3–5.

Bagay sa a se resanblans sakrifis Sèl Pitit Literal la, **Moyiz** 5:7. Poutèt Ekspyasyon Kris la, tout limanite kapab sove, **AL** 1:3.

Elaman, pitit gason Alma. *Gade tou nan Alma, pitit gason Alma; Anti-Nefi-Leyi yo; Elaman, pitit gason yo*

Nan Liv Mòmmon an, pi gran pitit gason Alma, pitit gason Alma (**Alma** 31:7). Elaman te yon pwofèt epi yon dirijan militè.

Alma te konfye pitit gason li a, Elaman, rejis pèp la ak plak Jaredit yo, **Alma**

37:1–2, 21. Alma te kòmande Elaman pou l te kontinye ekri istwa pèp li a, **Alma** 45–62. Elaman retabli Legliz la, **Alma** 45:22–23. De mil gèrye Amonit te vle pou Elaman dirije yo, **Alma** 53:19, 22. Elaman ak gèrye Amonit li yo te batay avèk Lamanit yo epi yo te prezève poutèt lafwa, **Alma** 57:19–27.

Elaman, pitit gason Elaman

Yon pwofèt epi yon moun ki te kenbe rejis nan Liv Mòmmon an, ki te anseye pèp Nefit la. Se te pitit pitit gason Alma, pi jèn nan, epi se te papa Nefi ki te resevwa pouvwa sou tout elaman yo. Ansanm avèk pitit gason l lan, Nefi, Elaman te ekri liv Elaman an.

Liv Elaman an: Chapit 1–2 dekri yon epòk ki te gen gwo pwoblèm politik. Chapit 3–4 rakonte Elaman ak Mowoniya, kapten an chef lame Nefit yo, te finalman vin kapab tabli lapè pou yon tan. Men, malgre direksyon bon moun sa yo, pèp la te grandi anpil nan mechanse. Nan Elaman 5:1–6:14 Nefi te remèt fòtèy jijman an, menm jan gran papa l, Alma te fè a, pou l ale anseye pèp la. Pèp la te repanti pou yon ti tan. Nan Elaman 6:15–12:26 sepanndan, Nefit yo te vin tounen yon nasyon mechan. Dènye chapit yo, 13–16, gen istwa ekstraòdinè yon pwofèt yo te rele Samyèl, Lamanit la, ki te predi nesans ak Krisifiksyon Sovè a avèk siy ki ta pral make evènman sa yo.

Elaman, pitit gason wa Benjamen.

Gade tou nan Benjamen, papa Mozya

Nan Liv Mòmmon an, youn nan twa pitit gason Wa Benjamen yo (**Mozya** 1:2–8).

Elaman, pitit gason yo. *Gade tou nan Anti-Nefi-Leyi yo; Elaman, pitit gason Alma*

Nan Liv Mòmmon an, pitit gason Lamanit ki te konvèti ki te rele Amonit yo, ki te vin tounen gèrye sou zòd Elaman (**Alma** 53:16–22).

Elaman te konsidere yo diy pou l rele yo pitit gason li yo, **Alma** 56:10. Manman yo te anseye yo pou yo pa t doute konsènan kapasite Senyè a pou l delivre

yo, **Alma** 56:47. Yo te dewoute Lamanit yo epi yo te prezève epi yo te tèlman gen lafwa, yo youn pa t mouri, **Alma** 56:52–54, 56; 57:26.

Èldè. *Gade nan Ansyen, Èldè*

Eleksyon. *Gade tou nan Apèl ak eleksyon*

Bondye te baze l sou diyite premòtèl pou l chwazi moun ki t ap desandan Abraram yo, ki t ap fè pati pèp Izrayèl la pou vin tounen pèp alyans lan (Det. 32:7–9; Abr. 2:9–11). Moun sa yo te resevwa benediksyon espesyal ak devwa pou yo kapab beni tout nasyon nan mond lan (Wom. 11:5–7; 1 Pyè 1:2; Alma 13:1–5; D&A 84:99). Sepandan menm moun chwazi sa yo dwe resevwa apèl epi yo dwe eli nan lavi sa a pou yo kapab gen sali.

Eli

Chwazi yo se moun ki renmen Bondye avèk tout kè yo epi ki mennen yon lavi ki fè l plèzi. Moun ki viv lavi disip sa a Senyè a ap seleksyone yo yon jou pou fè pati viv pitit chwazi Li yo.

Si se ta posib, y ap twonpe menm moun chwazi yo, **Mat.** 24:24. Jan te rejiw paske pitit madanm ki te chwazi a te vrè ak fidèl, **2 Jn.** 1.

Peche w yo padone, epi w se yon fi chwazi, **D&A** 25:3. Chwazi m yo tandevwa m epi yo pa fè kè di, **D&A** 29:7. Se konsa m pral rasanble chwazi m yo soti nan kat kwen tè a, **D&A** 33:6. Ap gen ekriti pou sali chwazi m yo, **D&A** 35:20–21. Moun yo ki mayifye apèl prèttriz yo vin tounen chwazi Bondye, **D&A** 84:33–34.

Poutèt chwazi yo, jou tribilasyon yo ap rakousi, **M—JS** 1:20.

Eli (Gran Prèt Ansyen Testaman an).

Gade tou nan Samyèl, pwofèt Ansyen Testaman

Yon gran prèt epi yon jij nan Ansyen Testaman an lè Senyè a te rele Samyèl pou l vin yon pwofèt (1 Sam. 3). Senyè a te reprimande Samyèl poutèt li te tolere

peche pitit gason li a (1 Sam. 2:22–36; 3:13).

Eli (Pwofèt Ansyen Testaman an).

Gade tou nan Elyas; Sali; Sele, sèlman

Yon pwofèt Ansyen Testaman ki te retounen nan dènye jou yo pou konfere kle pouvwa sèlman yo sou Joseph Smith ak Oliver Cowdery. Nan epòk li a, Eli te preche nan Wayòm Nò Izrayèl la (1 Wa 17–22; 2 Wa 1–2). Li te gen anpil lafwa nan Senyè a epi yo rekonèt li pou anpil mirak. Sou demann ni, Bondye te anpeche lapli tonbe pou twazan edmi. Li te resite yon jèn gason ki te mouri epi li te fè dife desann soti nan syèl (1 Wa 17–18). Pèp Juif la toujou ap ret tann Eli retounen, jan Malachi te pwofetize l ap tounen an (Mal. 4:5). Li toujou yon envite nan Fèt Pak Juif, kote yon pòt louvri ak yon chèz vid ap rete tann li.

Pwofèt Joseph Smith te di konsa Eli gen pouvwa sèlman Prèttriz Mèlkisedèk la epi se te dènye pwofèt ki te konsa anvan epòk Jezikri a. Li te parèt sou mòn transfigirasyon an avèk Moyiz epi li te konfere sou Pyè, Jak, ak Jan kle prèttriz la (Mat. 17:3). Li te parèt ankò, avèk Moyiz epi lòt moun, 3 Avril 1836, nan Tanp Kirtland, Ohio a epi li te konfere menm Joseph Smith ak Oliver Cowdery menm kle yo (D&A 110:13–16). Tout bagay sa yo te nan preparasyon pou Dezyèm Vini Senyè a jan Malachi te pale a 4:5–6.

Pouvwa Eli a se pouvwa sèlman prèttriz la ki fè bagay ki mare oubyen ki demare sou tè a mare oswa demare nan syèl la (D&A 128:8–18). Sèvitè Senyè a yo chwazi jodi a, gen pouvwa sèlman an epi yo fè òdonans levanjil la pou sove moun vivan ak moun mouri (D&A 128:8).

Te sele syèl la epi kòbo yo te mouri, **1 Wa** 17:1–7. Li te kòmande barik vèv la pou l toujou gen luil, **1 Wa** 17:8–16. Li te resite pitit gason vèv la anba lanmò, **1 Wa** 17:17–24. Te dewoute prèt Baal yo, **1 Wa** 18:21–39. Ti vwa dous la te pale avèk li, **1 Wa** 19:11–12. Te monte nan syèl la nan yon charyo dife, **2 Wa** 2:11. Malachi te pwofetize konsènan retou li nan dènye jou yo, **Mal.** 4:5–6 (3 Ne. 25:5).

Elizabèt

Te parèt nan Tanp Kirtland, Ohio a nan 1836, **D&A** 110:13–16.

Elizabèt. *Gade tou nan Janbatis*

Nan Nouvo Testaman an, madanm Zakari, manman Janbatis epi yon fanmi Mari (Lik 1:5–60).

Elize

Yon pwofèt Ansyen Testaman nan Wa-yòm Nò Izrayèl la epi yon konseye konfyans wa ki te nan peyi sa a.

Elize te gen yon dispozisyon janti epi li te gen afeksyon, san espri fanatik sa a ki te tabli diferans ant limenm ak pwofèsè l, Eli. Mirak remakab li yo (2 Wa 2–5; 8) temwaye li te reyèlman resevwa pouvwwa Eli lè li te ranplase Eli kòm pwofèt (2 Wa 2:9–12). Pa egzanp, li te benidlo yo anba yon sous anmè, li te divize dlo Rivyè Jouden an, li te miltipliye lwil yon vè, li te resisitè yon jèn gason anba lanmò, li te geri yon nonm ki te gen lèp, li te fè yon rach an fè flote, epi li te fè Siryen yo vin avèg (2 Wa 2–6). Ministè li te dire plis pase 50 ane pandan gouvèman Joram, Jei, Joakaz, ak Jòch.

Te resevwa manto Eli a, **2 Wa** 2:13. Te miltipliye lwil vè la, **2 Wa** 4:1–7. Te leve fi Sinamit nan pami mò yo, **2 Wa** 4:18–37. Te geri Naaman, Siryen an, **2 Wa** 5:1–14. Te avegle sòlda Siryen yo, epi je sèvitè l la te ouvri, **2 Wa** 6:8–23.

Eloyim. *Gade nan Bondye, Divinite; Papa ki nan Syèl la***Elyas.** *Gade tou nan Eli (Pwofèt Ansyen Testaman an)*

Yo sèvi ak non oswa tit *Elyas* la nan ekriti yo plizyè Fason:

Eli: Elyas nan fòm fòm Nouvo Testaman an (Grèk) la pou Eli (Ebre), jan li ye nan Mat. 17:3–4, Lik 4:25–26, epi Jak 5:17. Nan sikonstans sa yo, Elyas te ansyen pwofèt Eli a ki te gen ministè l anrejistre nan 1 epi 2 Wa.

Prekisè: Elyas se yon tit pou yon moun ki se yon prekisè. Pa egzanp, Janbatis se te yon Elyas paske yo te voye l prepare chemen an pou Jezi (Mat. 17:12–13).

Restoratè: Yo te aplike non Elyas la tou pou lòt moun ki te gen misyon byen detèmine pou yo akonpli, tankou Jan, Revelatè a (D&A 77:14) ak Gabriyèl (Lik 1:11–20; D&A 27:6–7; 110:12).

Yon nonm nan dispansasyon Abraram nan: Yon pwofèt ki te rele Ezayas oubyen Elyas ki sanble li te viv nan epòk Abraram nan (D&A 84:11–13; 110:12).

Emanyèl. *Gade tou nan Jezikri*

Youn nan non Jezikri yo. Li soti nan mo Ebre ki vle di “Bondye avèk nou.”

Emanyèl se non-tit ki bay kòm siy delivrans Bondye (Eza. 7:14). Referans Ezayi konsènan Emanyèl idantifye espesyalman nan Matye kòm yon pwofesi sou nesans Jezi nan mòtalite (Mat. 1:18–25). Non sa a parèt tou nan ekriti dènye jou yo (2 Ne. 17:14; 18:8; D&A 128:22)

Enb, imilite. *Gade tou nan Dou, dousè; Feblès; Kè brize; Lògèy; Pòv*

Lè yo fè moun vin dou ak anseyab, oubyen lè yon moun dou ak anseyab. Imilite vle di tou pou nou rekonèt depandans nou anba Bondye ak volonte nou pou nou soumèt nou anba volonte L.

Bondye te dirije w pandan karant ane nan dezè a pou l kapab imilye w, **Det.** 8:2. M te jene pou m te kapab imilye tèt mwen, **Sòm** 35:13. Yon timoun pòv ki saj pi bon pase yon wa granmoun ki sòt, **Ekl.** 4:13. Senyè a rete avèk moun ki enb, **Eza.** 57:15.

Nenpòt moun ki imilye tèt li tankou timoun pi sa a, se limenm k ap pi gran nan wayòm syèl la, **Mat.** 18:4. Yon moun ki imilye tèt li l ap egzalte, **Mat.** 23:12 (Lik 14:11; 18:14). Jezi te imilye tèt li epi li te vin obeyisan pou l mouri, **Filip.** 2:8 (Lik 22:42; 23:46). Bondye te reziste devan lògèye yo, epi li fè enb yo gras, **1 Pyè** 5:5–6 (2 Ne. 9:42).

Imilye tèt ou nan pwofondè imilite, **Mozya** 4:11 (2 Ne. 9:42; 3 Ne. 12:2). Èske w te enb ase, **Alma** 5:27–28. Pati moun ki te pi enb nan pami pèp la te vin pi fò nan imilite yo, **Ela.** 3:33–35. M bay lè-zòm feblès pou yo kapab vin enb, **Etè** 12:27.

Imilite se yon kalifikasyon pou batèm, **D&A** 20:37. Imilye tèt ou devan m epi w ap wè m epi w ap konnen m egziste, **D&A** 67:10. Imilye w epi Senyè a ap reponn priyè w yo, **D&A** 112:10. Yon moun ki inyoran dwe imilye tèt li pou l aprann sa jès, **D&A** 136:32. Yo te voye Lespri a pou eklere moun ki enb, **D&A** 136:33.

Endolan, Endolans

Inaktif epi ki pa angaje nan zèv jis.

Nenpòt moun ki pa travay, li pa dwe manje tou, **2 Tes.** 3:10.

Yo te vin tounen yon pèp endolan, ki chaje ak defo, **2 Ne.** 5:24. Pa lage w nan endolans, **Alma** 38:12.

Yon moun ki endolan, li pa dwe manje pen travayè a, **D&A** 42:42. Malè yon moun ki pa travay avèk men pa l, **D&A** 56:17. Angaje w avèk anksyete nan zèv jis, **D&A** 58:27. Sispann fè endolans, **D&A** 88:124.

Enjis, enjistis. *Gade tou nan* Enpi; Jis, jistis; Mechan, mechanste; Peche; Sal, salte

Mechan, enjis; moun ki pa renmen Bondye oubyen bagay Bondye epi ki pa sipòte koz li.

Moun enjis p ap eritye wayòm Bondye, **1 Kor.** 6:9–10. Moun ki pran plèzi nan enjistis yo kondane, **2 Tes.** 2:12. Jezikri kapab netwaye nou anba tout enjistis, **1 Jn.** 1:9.

Yon wa enjis pèvèti chemen tout jistis, **Mozya** 29:23. Avoka ak jij enjis yo plase fondasyon destriksyon, **Alma** 10:27.

M te voye w pou ou avèti mond lan kont zèv enjis, **D&A** 84:87. Nanm yo dwe sanktifye anba tout enjistis, **D&A** 88:17–18. Dispozisyon prèske tout moun se pou yo kòmanse egzèsè dominasyon enjis, **D&A** 121:39.

Enkredilite. *Gade tou nan* Kwayans, kwè

Mank lafwa nan Bondye epi nan levanjil Li a.

Li pa t fè anpil gran zèv kote sa a poutèt enkredilite yo, **Mat.** 13:58. Poutèt enkredilite yo, disp Jezi yo pa t kapab chase

yon dyab, **Mat.** 17:14–21. Ede enkredilite mwen, **Mak** 9:23–24. Jezi repwoche Apot li yo poutèt enkredilite yo ak kè di yo, **Mak** 16:14. Èske enkwayans kapab fè lafwa Bondye pèdi efè l, **Wom.** 3:3.

Li pi bon pou yon moun peri pase pou yon nasyon ta rete epi peri nan enkredilite, **1 Ne.** 4:13. Jou yo rete nan enkredilite, l ap fè yo dispèse epi l ap frape yo, **2 Ne.** 1:10–11 (**D&A** 3:18). Poutèt enkredilite yo, yo pa t kapab konprann pawòl Bondye, **Mozya** 26:1–5. M pa t kapab montre Juif yo gran mirak konsa poutèt enkredilite yo, **3 Ne.** 19:35.

Lespri w te antenebre nan tan pase poutèt enkredilite, **D&A** 84:54–58.

Enkwayans. *Gade nan* Enkredilite

Enòk. *Gade tou nan* Siyon

Yon pwofèt ki te dirije pèp vil Siyon an. Yo pale konsènan ministè l la ni nan Ansyen Testaman an ni nan Pèl Gran Pri a. Li te setyèm patriyach apre Adan. Se te pitit gason Jarèd ak papa Metichèla (Jen. 5:18–24; Lik 3:37).

Enòk te yon moun enpòtan epi li te gen yon ministè pi enpòtan pase jan istwa kout nan Bib la te demontre a. Bib la fè konnen li te transfòmè (**Ebre** 11:5) men Bib la pa bay okenn detay konsènan ministè l. Jid 1:14 gen sityasyon yon pwofesi li te fè. Revelasyon dènye jou esplike pi plis bagay lontan konsènan Enòk, patikilyèman konsènan predikasyon l yo, vil li a ki te rele Siyon an, vizyon l yo, ak pwofesi li yo (**D&A** 107:48–57; **Moyiz** 6–7). Syèl la te resevwa Siyon poutèt jistis moun ki te rete ladann yo (**Moyiz** 7:69).

Bondye te fè Enòk wè l, **Moyiz** 6:26–37. Enòk te anseye levanjil la, **Moyiz** 6:37–68. Enòk te anseye pèp la epi li te tabli Siyon, **Moyiz** 7:1–21. Enòk te wè tout bagay, menm rive jis nan fen mond lan, **Moyiz** 7:23–68.

Enòs, pitit gason Jakòb

Yon pwofèt Nefit epi yon grefye nan Liv Mòmmon an ki te priye pou padon peche l yo; li te resevwa padon peche l yo poutèt lafwa li te genyen nan Kris la

Enpi

(Enòs 1:1–8). Senyè a te fè alyans avèk Enòs pou l voye Liv Mòmmon an bay Lamanit yo (Enòs 1:15–17).

Liv Enòs la: Yon liv nan Liv Mòmmon an ki pale de priyè Enòs te fè bay Senyè a pou l mande padon pou pèp li a ak kèk lòt moun. Senyè a te pwomèt li Liv Mòmmon an t ap prezève epi Lamanit yo t ap kapab genyen l nan lavni, li rakonte gran istwa yon nonm ki t ap chèche Bondye li a nan priyè, li te viv nan obèyans kòmmandman Bondye yo, epi anvan lanmò li, li te rejwi nan konesans Redanmèt li a.

Enpi. *Gade tou nan* Enjis, enjistis; Mehan, mehanste; Peche; Sal, salte

Yon moun oubyen yon bagay ki pa an amoni avèk volonte oubyen kòmmandman Bondye; mehan epi malsen.

Zèw enpi yo pral peri, **Sòm** 1:6.

Si moun jis yo apèn sove, sa ki pral pase enpi yo, **1 Pyè** 4:18.

Wete kò w anba tout enpi, **Mowo.** 10:32.

Vanjans ap vini vit sou enpi yo, **D&A** 97:22. Vwa Sovè a pa t leve nan pami enpi yo, **D&A** 138:20.

Enpozisyon men. *Gade nan* Men, Enpozisyon

Enspirasyon, enspire. *Gade tou nan* Revelasyon; Sentespri

Gid diven Bondye bay lèzòm. Enspirasyon vini souvan pou plizyè fòm nan panse ak nan kè yon moun.

Aprè dife a yon ti vwa dou ap vini, **1 Wa** 19:12.

Sentespri a pral anseye w tout bagay epi l ap fè w sonje tout bagay, **Jan** 14:26. Lespri verite a ap gade w ale nan tout verite, **Jan** 16:13.

Lespri a te dirije m, san m pa t atann mwen avèk sa m ta pral fè, **1 Ne.** 4:6. Vwa Senyè a te vini nan panse m, **Enòs** 1:10. Tout bagay ki envite epi ki pouse moun fè byen se Bondye ki enspire l, **Mowo.** 7:13–16.

Èske m pa t pale lapè nan panse w, **D&A** 6:23. M ap di w nan panse w ak nan

kè w, **D&A** 8:2. Lespri m ap eklere panse w, sa ap ranpli nanm ou avèk jwa, **D&A** 11:13. Nan menm moman an w ap resevwa sa w dwe pale oubyen ekri, **D&A** 24:6 (**D&A** 84:85). Ti vwa dou a chichote epi li pèse tout bagay, **D&A** 85:6.

Enstriktè, Prèttriz Aawon. *Gade tou nan* Prèttriz Aawon an

Yon ofis nan Prèttriz Aawon.

Devwa yon enstriktè se voye je sou Legliz la, **D&A** 20:53–60. Ofis enstriktè a se yon branch nesèsè nan pi piti prèttriz, **D&A** 84:30, 111. Prezidan kowòm enstriktè yo prezide sou vennkat enstriktè, **D&A** 107:86.

Entandan, entandans. *Gade tou nan* Aple, Bondye te aple, apèl

Yon moun ki okipe zafè li oswa byen yon lòt moun. Okipasyon yon entandan se yon entandans. Tout bagay sou tè a se pou Senyè a; nou se entandan Li. Nou responsab devan Senyè a, men nou kapab bay rapò sou entandans nou devan reprezantan Bondye otorize yo. Lè nou resevwa yon apèl nan men Senyè a oubyen sèvitè Li otorize yo pou nou sèvi, responsablite sa a kapab genyen ladan l ni zafè espirityèl ak zafè tanporèl (**D&A** 29:34).

Ou te fidèl nan kèk bagay m ap mete w gouvènè sou tèt anpil bagay, **Mat.** 25:14–23. Nenpòt moun ki resevwa anpil, y ap egzije anpil nan men l, **Lik** 12:48 (**D&A** 82:3). Jezi te bay parabòl entandan enjis la, **Lik** 16:1–8.

Nenpòt moun ki se yon gadyen fidèl, l ap antre nan jwa Senyè l la, **D&A** 51:19. Chak moun dwe rann kont konsènan entandans li, **D&A** 72:3–5. Yon moun ki se yon entandan fidèl epi saj ap eritye tout bagay, **D&A** 78:22. Senyè a ap rann chak moun responsab kòm entandan sou tèt benediksyon terès, **D&A** 104:11–17 (**D&A** 42:32). Gen dilijans pou w kapab yon gadyen saj, **D&A** 136:27.

Entegrite. *Gade tou nan* Jis, jistis; Onèt, onètete

Jistis, onètete, ak sènsèrite.

Jistan m mouri, m p ap wete onètete m nan mwen menm, **Jòb** 27:5. Yon moun ki jis mache nan entegrite l, **Pwov.** 20:7.

Yo te moun ki te gen verite tout tan nan nenpòt bagay lòt moun te konfyè yo, **Alma** 53:20.

Senyè a te renmen Hyrum Smith pou-tèt entegrite kè li, **D&A** 124:15.

Entèlijans, entèlijans yo. *Gade tou nan* Lespri; Limyè, limyè Kris; Verite

Entèlijans gen anpil siyifikasyon, men twa ladan yo: (1) Li se limyè verite ki bay tout bagay lavi ak limyè nan linivè a. Li te toujou egziste. (2) Mo *entèlijans* lan kapab fè moun panse a pitit espirityèl Bondye yo. (3) Ekrityèl yo kapab pale de entèlijans pou fè moun panse a eleman lespri ki te egziste anvan nou te fèt kòm pitit espirityèl.

Entèlijans atache avèk entèlijans, **D&A** 88:40. Entèlijans pa t kreye oubyen li pa t fèt, **D&A** 93:29. Tout entèlijans endepandan nan espas Bondye te plase l la, **D&A** 93:30. Glwa Bondye se entèlijans, **D&A** 93:36–37. Entèlijans nou ranmase nan lavi sa ap leve avèk nou nan rezirèksyon an, **D&A** 130:18–19.

Senyè a gouvène tout entèlijans yo, **Abr.** 3:21. Senyè te montre Abraram entèlijans yo ki te òganize anvan mond lan te fèt, **Abr.** 3:22.

Epit Pòl yo. *Gade tou nan* Pòl; tit epit endividyèl

Katòz liv nan nouvo testaman orijinalman se lèt apot Pòl ekri manm legliz yo. Yo divize an kat gwoup nan jan sa a:

1 ak 2 Tesalonisye (50–51 APRE JEZIKRI)

Pòl te ekri Tesalonisye epit yo depi Korent pandan dezyèm jounen misyonè l la. Nan Tra. 17, yo montre travay li nan Tesaloni. Li te vle retounen nan Tesaloni, men li pa t kapab fè sa (1 Tes. 2:18). Pou-tèt sa li voye Timote al remonte moral konvèti yo epi ba l rapò sou kòman yo ye. Premye epit la se remèsiman l sou tounen Timote a. Dezyèm epit te ekri yon ti tan apre.

1 ak 2 Korentyen, Galat yo, Women (55–57 APRE JEZIKRI)

Pòl te ekri Korentyen epit yo pandan twazyèm jounen misyonè li pou reponn kesyon ak pou mete lòd nan dezòd ki te genyen nan mitan sen Korent yo.

Epit pou Galat yo te ekri pou voye bay *anpil* branch legliz la yo nan tout Galasi. Kèk manm legliz la te abandone levanjil la akòz lwa juif la. Nan lèt sa a Pòl te esprike rezon lwa Moyiz la ak valè espirityèl yon relijyon.

Pòl te ekri Women yo epit la depi peyi Korent pou l te ka prepare sen Women yo pou yon vizit li te espere fè yo. Lèt sa a tou lonje dwèt sou doktrin yo ki te la-kòz chirepit nan mitan juif yo ki te konvèti nan kreyènte.

Filipyen yo, Kolosyen yo, Efezyen yo, Filemon, Ebre yo (60–62 APRE JEZIKRI)

Pòl te ekri epit sa yo pandan l te nan prizon pou premye fwa nan Wòm.

Pòl te ekri Filipyen yo epit la sitou pou l te montre gratitud li ak afeksyon l pou sen Filipyen yo ak pou l rekonfòte yo nan dekourajman ke anprizonman lan pou yon pakèt tan te lakòz.

Pòl te ekri Kolosyen yo epit la kòm rezilta yon rapò sou sen Kolosyen yo ki te tonbe nan erè grav. Yo te kwè ke pèfeksyon te vini nan obsève òdonans eksteryè yo olye pou yo devlope karaktè kreyen.

Epit pou Efezyen yo gen yon pakèt enpòtans, paske li gen ansèyman Pòl yo sou legliz Kris la.

Epit pou Filemon an se yon lèt prive sou Onezim, yon esklav ki te vòlè byen mèt li, Filemon, e ki te kouri al kache nan Wòm. Pòl te voye Onezim tounen al jwen mèt li ak lèt la pou l te mande padon pou Onezim.

Pòl te ekri Ebre yo epit la pou l te ka konvenk manm ki te juif nan legliz la yo ke lwa Moyiz la te akonpli nan Kris la epi lwa levanjil Kris la te ranplase l.

1 ak 2 Timote, Tit (64–65 APRE JEZIKRI)

Pòl te ekri epit sa yo apre l te fin lage nan prizon nan Wòm premye fwa a.

Pòl te vwayaje ale nan Efèz, kote l te kite Timote pou l te anpeche devlopman

Eritye

kèk fòm espekilasyon, entansyon ki ta retounen pita. Li te ekri Timote premye epit li a, petèt depi Masedwan, pou konsèye l ak pou ankouraje l nan akonplisman devwa li.

Pòl te ekri Tit epit la lè l te lib soti nan prizon. Li te petèt vizite Krèt, kote Tit te sèvi a. Lèt la pale esansyèlman konsènan viv dwat ak disip nan legliz la.

Pòl te ekri Timote dezyèm epit li pandan l te nan prizon yon dezyèm fwa, sa vle di anvan mati Pòl la. Epit sa a gen dènye pawòl Pòl yo epi li montre kouraj mèveye ak konfyans li te afwonte lanmò.

Eritye

Yon moun ki gen dwa pou l eritye don fizik ak espirityèl. Nan ekriti yo, moun ki jis yo resevwa pwomès pou yo vin tounen eritye tout sa Bondye genyen.

Abraram te vle gen yon eritye, **Jen.** 15:2–5.

Mondan lan poutèt jistis lafwa, **Wom.** 4:13. Nou se pitit Bondye, epi si nou se pitit li, konsa nou se eritye Bondye, epi koeritye avèk Kris, **Wom.** 8:16–17 (D&A 84:38). Ou se yon pitit gason epi yon eritye Bondye, nan Kris, **Gal.** 4:7. Bondye te fè Pitit Gason li a eritye tout bagay, **Ebre** 1:2.

Moun ki chèche pou peche yo padone, yo se eritye wayòm Bondye a, **Mozya** 15:11. Pèp la te vin tounen pitit Kris epi eritye wayòm Bondye a, **4 Ne.** 1:17.

Moun ki mouri nan konesans levanjil la, yo kapab vin tounen eritye wayòm selès la, **D&A** 137:7–8. Mò ki repanti yo eritye sali, **D&A** 138:58–59.

Abraram te vin tounen eritye poutèt jistis li, **Abr.** 1:2.

Esdras

Yon prèt Ansyen Testaman epi yon save ki te mennen kèk nan Juif yo tounen nan Jerizalèm, soti nan kaptivite Babilonyen (Esd. 7–10; Ney. 8; 12). Nan 458 ANVAN JEZIKRI, Atagzèzès, wa peyi Pès la te ba li pèmision pou mennen nenpòt Juif ki te vle tounen nan Jerizalèm (Esd. 7:12–26).

Anvan epòk Esdras la, prèt yo te prèske gen kontwòl total sou lekti koleksyon ekriti yo te rele “lalwa” a. Esdras te ede pou fè tout Juif gen aksè nan ekriti yo. Lekti piblik “liv lalwa” a te vin tounen poto mitan nan lavi nasyonal Juif yo. Petèt, pi gwo ansèyman Esdras la soti nan egzanp pèsone l li lè l t ap prepare kè li pou chèche lwa Bondye, pou obeyi l epi pou anseye lòt moun li (Esd. 7:10).

Liv Esdras la: Chapit 1–6 dekri evènman ki te pase depi 60 jis nan 80 ane anvan Esdras te rive nan Jerizalèm—deklarasyon Siris la nan 537 ANVAN JEZIKRI ak retou Juif yo sou Zowobabèl. Chapit 7–10 montre kòman Esdras te ale nan Jerizalèm. Limenm avèk gwoup li a te jene, priye pou pwoteksyon. Nan Jerizalèm, yo te jwenn anpil Juif ki te ale nan Jerizalèm anvan sa, sou direksyon Zowobabèl epi ki te marye avèk fi ki pa fè pati alyans lan epi konsa ki te vin rann tèt yo endiy. Esdras te priye pou yo epi li te mete yo sou alyans pou yo divòse avèk madanm sa yo. Nou jwenn pi ansyen istwa Esdras la nan Neemi.

Esperans. *Gade tou nan Lafwa*

Lè yon moun rete tann epi li espere benediksyon ki jis yo te pwomèt li yo. Ekriti yo pale souvan de esperans kòm antisipasyon lavi etènèl avèk lafwa nan Jezikri.

Yon moun ki gen Senyè a kòm esperans, li beni, **Jer.** 17:7. Senyè a ap esperans pèp li a, **Jowèl** 3:16.

Nan pasyans ak ekriti yo, nou gen esperans, **Wom.** 15:4. Avèk yon esperans vivan, Bondye restore nou nan rezirèksyon Kris la, **1 Pyè** 1:3. Tout moun ki gen esperans sa, li pirifye tèt li, **1 Jn.** 3:2–3.

Ou dwe mache an avan avèk yon esperans pafè, **2 Ne.** 31:20. Ou dwe gen lafwa, esperans, ak charite, **Alma** 7:24 (1 Kor. 13:13; Mowo. 10:20). M ta swete w koute pawòl mwen yo, pou w espere w ap resevwa lavi etènèl, **Alma** 13:27–29. Si w gen lafwa, ou espere bagay ou pa wè, men ki vrè, **Alma** 32:21 (Ebre 11:1). Esperans soti nan lafwa epi li kore nanm moun, **Etè** 12:4 (Ebre 6:17–19). Lòm dwe gen lafwa,

san sa li pa kapab resewva yon eritaj, **Etè** 12:32. Mòmou te pale konsènan lafwa, esperans, ak charite, **Mowo**. 7:1. Ou dwe espere nan ekspyasyon Jezikri pou w kapab gen lavi etènèl, **Mowo**. 7:40–43. Sentespri a ranpli w avèk esperans, **Mowo**. 8:26 (Wom. 15:13).

Yo te kite lavi mòtèl la avèk fèmte nan esperans rezirèksyon gloriye a, **D&A** 138:14.

Esprì Prizon. *Gade nan Lanfè*

Estè

Yon fi ki gen anpil lafwa epi li se pèsouan prensipal nan liv Estè a.

Liv Estè: Yon liv nan Ansyen Testaman an ki gen istwa gran kouraj Rèn Estè te genyen pou l te sove pèp li a anba des-triksiyon.

Chapit 1–2 esplike kòman fè Estè ki te yon fi Juif epi ki te pitit fi adoptif yon nonm Juif yo te rele Madoche, kòman yo te chwazi Estè kòm rèn peyi Pès poutèt bote l. Chapit 3 esplike kòman Aman, nonm ki te chèf nan lakou wa a te rayi Madoche epi li te resewva yon piblikasyon pou l touye tout Juif. Chapit 4–10 rakonte kòman Estè te riske tèt pa l, li te deklare nasyonnalite pa l devan wa a epi li te ranvèse piblikasyon.

Estime. *Gade tou nan Onè; Reverans*

Konsidere yon moun oubyen yon bagay tankou l vo lapenn epi li gen valè, espesyalman nan yon pwennvi levanjil la.

Yo te meprize l epi nou pa t estime l, **Eza**. 53:3–4.

Sa lèzòm estime anpil nan pami yo se yon abominasyon devan Bondye, **Lik** 16:15. Chak moun dwe estime yon lòt plis pase tèt pa li, **Filip**. 2:3.

Senyè a estime tout moun menm jan, **1 Ne**. 17:35. Chak te dwe estime vwa-zen l tankou tèt pa l, **Mozya** 27:4 (**D&A** 38:24–25).

Nan epòk yo te gen lapè, yo pa t pran konsèy mwen pou anyen, **D&A** 101:8.

Èt anlve

Moun ki chanje pou yo pa soufri doule

oubyen lanmò jistan yo resisite nan imòtalite.

Enòk te mache avèk Bondye: epi li pa t la; paske Bondye te pran l, **Jen**. 5:24 (**Ebre** 11:5; **D&A** 107:48–49). Pèsouan pa konnen tonbo Moyiz jis jodi a, **Det**. 34:5–6 (**Alma** 45:19). Yon toubiyon te bwote Eli nan syèl, **2 Wa** 2:11.

Si m vle l rete jistan m vini, ki sa sa fè w, **Jan** 21:22–23 (**D&A** 7:1–3).

Ou p ap janm goute lanmò, **3 Ne**. 28:7. Pou yo te kapab pa t goute lanmò, yon chanjman te opere nan kò yo, **3 Ne**. 28:38 (4 **Ne**. 1:14; **Mòm**. 8:10–11).

Jan, Byenneme a pral viv jistan Senyè a vini, **D&A** 7. M te pran Siyon Enòk la mete nan pwatrin pa mwen, **D&A** 38:4 (**Moyiz** 7:21, 31, 69). Enòk ak frè l yo se yon vil ki rezève jis nan jou jistis la, **D&A** 45:11–12. Eli te monte nan syèl la san l pa t goute lanmò, **D&A** 110:13.

Sentespri a te tonbe sou anpil moun, epi yo te monte nan Siyon, **Moyiz** 7:27.

Etè. *Gade tou nan Jaredit yo*

Dènye pwofèt Jaredit nan Liv Mòmou an (**Etè** 12:1–2).

Liv Etè a: Yon liv nan Liv Mòmou an ki gen kèk pòsyon istwa Jaredit yo. Jaredit yo te yon gwoup moun ki te rete nan Emisfè Lwès la, anpil santèn ane anvan pèp Leyi a. Liv Etè a te soti nan venn kat plak pèp Limi a te jwenn (**Mozya** 8:8–9).

Chapit 1–2 rakonte kòman Jaredit yo te kite kay yo nan epòk Toudebabèl la epi yo te kòmanse vwayaj yo pou ale nan kote nou rele Kontinan Ameriken an. Chapit 3–6 esplike kòman frè Jarèd la te wè Sovè premòtèl la epi kòman Jaredit yo te vwayaje nan yuit ti bato. Chapit 7–11 kontinye istwa mehanste ki te domine pi fò nan istwa Jaredit yo. Mowoni, ki te editè rejis Etè yo pi ta, te ekri nan chapit 12–13 konsènan mèvèy ki te fèt avèk lafwa, konsènan Kris la avèk Nouvo Jerizalèm k ap vini an. Chapit 14–15 esplike kòman Jaredit yo te vin yon gran nasyon, men yo te detwi anba lagè sivil poutèt mehanste.

Etyèn

Etyèn

Etyèn te pase mati poutèt Sovè a ak Legliz Li a nan epòk Nouvo Testaman an. Predikasyon li yo te anonse epi pètèt enfliyasyon gwo travay Pòl ki te prezan lè Etyèn te defann tèt li devan Sanedren an (Tra. 8:1; 22:20).

Etyèn te youn nan sèt gason ki te chwazi pou asiste Douz Apot yo, **Tra.** 6:1–8. Etyèn te fè gran mèvèy ak mirak, **Tra.** 6:8. Etyèn te angaje nan diskisyon avèk Juif yo, **Tra.** 6:9–10. Akizasyon te fèt kont li epi yo te jije li devan Sanedren an, **Tra.** 6:11–15. Etyèn te prezan defans li, **Tra.** 7:2–53. Paske Sentespri a te ranpli li, li te wè Papa a ak Pitit Gason an nan vizyon, **Tra.** 7:55–56. Yo te matirize Etyèn poutèt temwayaj li, **Tra.** 7:54–60.

Èv. *Gade tou nan* Adan; Chit Adan ak Èv; Edenn

Premye fi ki te viv sou tè sa a (Jen. 2:21–25; 3:20). Se te madanm Adan. Nan Ebre, non sa a vledi “lavi.” Yo te rele li konsa paske li sete “manman tout vivan” (Moyiz 4:26). Li menm ak Adan, premye gason an, yo pral pataje glwa etènèl poutèt patisipasyon yo pou rann pwogresyon etènèl lèzòm posib.

Èv te tonbe nan tantasyon epi li te manje nan fwi defandi a, **Jen.** 3 (2 Ne. 2:15–20; Moyiz 4).

Prezidan Joseph F. Smith te wè Èv nan vizyon li te fè konsènan mond lespri a, **D&A** 138:39.

Èv te rekonèt nesosite Chit la ak jwa danmsyon an, **Moyiz** 5:11–12.

Evanjelis. *Gade tou nan* Benediksyon patriyikal yo; Patriyach, patriyikal

Yon moun ki genyen oubyen ki pwoklame nouvèl levanjil Jezikri a. Joseph Smith te fè konnen yon evanjelis te yon patriyach. Patriyach yo aple epi yo òdone sou direksyon Douz Apot yo pou yo bay benediksyon espesyal ki rele benediksyon patriyikal.

Senyè a rele kèk moun pou li fè yo apot, kèk lòt pwofèt, epi kèk lòt evanjelis, **Efe.** 4:11. Fè travay yon evanjelis, **2 Tim.** 4:5.

Nou kwè nan Apot, pwofèt, pastè, enstriktè, evanjelis, **AL** 1:6.

Èvèk. *Gade tou nan* Prètriz Aawon an

Vledi “sipèvisè”, yon ofis oubyen yon pozisyon responsablite. Èvèk se yon ofis òdone nan Prètriz Aawon an (**D&A** 20:67; 107:87–88), epi yon evèk se yon jij òdinè nan Izrayèl (**D&A** 107:72, 74).

Sentespri a tabli w kòm evèk, **Tra.** 20:28. Kalifikasyon yo tabli pou evèk yo, **1 Tim.** 3:1–7 (Tit 1:7).

Yon evèk dwe òdone, **D&A** 20:67. Edward Partridge te dwe sèvi kòm evèk pou Legliz la, **D&A** 41:9. Yon evèk dwe disène don espiyrityèl yo, **D&A** 46:27, 29. Yon gran prèt kapab dirije nan plas yon evèk, **D&A** 68:14, 19 (**D&A** 107:17). Se Senyè a ki lonmen evèk, **D&A** 72. Yon evèk dwe pran swen pòv yo, **D&A** 84:112. Yon evèk dwe administre tout bagay tanporèl, **D&A** 107:68. Yon evèk se prezidan Prètriz Aawon an, **D&A** 107:87–88.

Èvèk Prezidan

Yon Otorite Jeneral nan Legliz la. Li gen responsablite jeneral sou byennèt tanporèl Legliz la (**D&A** 107:68). Èvèk Prezidan ak konsèyèl yo, ki se Otorite Jeneral tou, yo prezide Prètriz Aawon nan Legliz la (**D&A** 68:16–17; 107:76, 87–88).

Edward Partridge dwe resevwa òdonans kòm yon evèk, **D&A** 41:9. Premye Prezidans la dwe aple epi mete evèk yo apa, **D&A** 68:14–15. Desandan literal Aawon ki premye ne yo gen dwa pou yo prezide si Premye Prezidans la aple yo, mete yo apa epi òdone yo, **D&A** 68:16, 18–20. Se sèl Premye Prezidans la ki kapab jije yo, **D&A** 68:22–24 (**D&A** 107:82).

Ewòd

Yon fanmi gouvènè nan Jideya prèske nan epòk Jezikri a. Yo te jwe wòl enpòtan nan anpil evènman nan Nouvo Testaman an. Ewòd Le Gran, ki te pè nesans Sovè a (**Mat.** 2:3) epi li te bay lòd pou touye tibebe yo nan Bètleyèm. Pitit gason li, Aristobulus; Ewòd Filip (**Mat.** 14:3; **Mak** 6:17); Ewòd Antipas, gouvènè a

(Mat. 14:1; Lik 9:7; nou rekonèt li kòm Wa Ewòd tou, Mak 6:14); Archelaus (Mat. 2:22); ak Filip, gouvènè Iturea (Lik 3:1). Ewòd Agripa I (Tra. 12:1–23) ak sè li Ewodyas (Mat. 14:3; Mak 6:17) sete pitit Arisotobulus. Ewòd Agripa I te gen anpil pitit yo masyone nan Nouvo Testaman an tou, ladan yo Ewòd Agripa II (Tra. 25:13), Bernice (Tra. 25:13), ak Drusilla, madanm ni (Tra. 24:24).

Ewodyas

Sè Ewòd Agripa nan Nouvo Testaman an. Li te marye avèk monnonk li, Ewòd Filip, epi li te fè yon pitit fi ki te rele Salome avèk li. Limenm avèk Salome te mete ansanm pou yo te fè koupe tèt Janbatis (Mat. 14:3–11).

Ezayas

Fòm nan Nouvo Testaman (Grèk) pou non Ezayi (Lik 4:17). Ezayas se te yon pwofèt ki te viv nan Epòk Abraram nan (D&A 76:100; 84:13).

Ezayi

Yon pwofèt Ansyen Testaman ki te pwofetize depi 740–701 ANVAN JEZIKRI a. Kòm konseye jeneral Wa Ezekyas, Ezayi te gen yon gwo enfluyans relijye ak politik.

Jezi te site Ezayi plis pase Li te site okenn lòt pwofèt. Pyè, Jan, ak Pòl nan Nouvo Testaman an te site Ezayi souvan tou. Liv Mòmnan an epi Doktrin ak Alyans yo gen plis resitasyon ki soti nan Ezayi pase nan tout lòt pwofèt epi li bay anpil èd pou entèprete Ezayi. Nefi te anseye pèp li a nan ekriti Ezayi yo (2 Ne. 12–24; Eza. 2–14). Senyè a te di Nefit yo konsa “pawòl Ezayi yo gran” epi tout bagay Ezayi te pwofetize gen pou yo akonpli (3 Ne. 23:1–3).

Liv Ezayi a: Yon liv nan Ansyen Testaman an. Anpil nan pwofesi Ezayi yo rapòte vini Redanmtè a, ni pandan ministè terès Li a (Eza. 9:6) epi kòm yon Gran Wa nan dènye jou a (Eza. 63). Li te pwofetize anpil konsènan lavni Izrayèl tou.

Chapit 1 an se yon entwodiksyon pou res liv la. Ezayi 7:14; 9:6–7; 11:1–5; 53; epi

61:1–3 anonse misyon Sovè a. Chapit 2, 11, 12, epi 35 pale sou evènman nan dènye jou yo, lè levanjil la pral retabli, Izrayèl pral rasanble, epi tè swaf la pral fleri tankou yon woz. Chapit 29 gen yon pwofesi konsènan piblikasyon Liv Mòmnan an (2 Ne. 27). Chapit 40–46 pwoklame siperyorite Jewova kòm vrè Bondye a devan bondye idòl adoratè payen yo. Rès chapit yo, 47–66, pale de evènman final retablisman Izrayèl ak tablisman Siyon, avèk Senyè a ki pral rete pami pèp li a.

Ezayu. *Gade tou nan* Izarak; Jakòb, pitit gason Izarak

Nan Ansyen Testaman an, premye pitit gason Izarak ak Rebeka a epi frè marasa Jakòb la. Frè yo te rival depi lè yo te fèt (Jen. 25:19–26). Desandan Ezayu yo, Edomit yo, ak desandan Jakòb yo, Izrayelit yo te vin tounen de nasyon rival (Jen. 25:23).

Ezayu te vann Jakòb dwa denès li, Jen. 25:33 (Ebre 12:16–17). Ezayu te marye avèk fi Itit yo, sa te fè paran l yo tris, Jen. 26:34–35. Jakòb avèk Ezayu te rekonsilye, Jen. 33.

Ezekyas

Yon wa jis pou nasyon Jida a nan Ansyen Testaman an. Li te gouvènè pou 29 ane, pandan epòk Ezayi te pwofèt nan Jida a (2 Wa 18–20; 2 Kwo. 29–32; Eza. 36–39). Ezayi te ede l refòm legliz la ak leta a. Li te fè sispann idolatri epi li te retabli sèvis nan tanp lan. Lavi Ezekyas te pwolonje pou 15 ane avèk priyè epi avèk lafwa (2 Wa 20:1–7). Kòmansman gouvènman li a te pwospè, men rebelyon li te fè kont wa Asiri a (2 Wa 18:7) te lakoz de anvayisman Asiryen: yo dekri premye a nan Ezayi 10:24–32, dezyèm nan dekri nan 2 Wa 18:13–19:7. Nan dezyèm envazyon an, yon zanj Senyè a te sove Jerizalèm (2 Wa 19:35).

Ezekyèl

Yon pwofèt ki te ekri liv Ezekyèl la nan Ansyen Testaman an. Se te yon prèt nan fanmi Zadòk la epi youn nan Juif Nebikadneza te mennen kaptif yo. Li te tabli

Fache

avèk Juif ekzile yo nan Babilòn epi li te pwofetize pandan yon peryòd 22 ane, depi nan 592 jis nan 570 ANVAN JEZIKRI.

Liv Ezekyèl la: Liv Ezekyèl la kapab separe fè kat divizyon. Chapit 1–3 rakonte vizyon Bondye ak apèl Ezekyèl te resevwa pou l sèvi; chapit 4–24 pale konsènan jijman ki te tonbe sou Jerizalèm epi poukisa yo te tonbe; chapit 25–32 pwoklame jijman sou; epi chapit 33–48 anrejistre vizyon konsènan Izrayèl nan dènye jou a.

Fache. *Gade nan Kolè*

Fanmi. *Gade tou nan* Manman; Maryaj, marye; Papa, motèl; Timoun, timoun yo

Jan yo itilize l nan ekriti yo, yon fanmi gen yon mari ak madanm, pitit, epi kèk fwa ak lòt paran ki rete nan menm kay la oubyen ki sou direksyon yon sèl fanmi. Yon fanmi kapab yon sèl paran ak pitit, yon mari ak madanm san pitit, oubyen menm yon sèl moun k ap viv pou kont li.

Jeneral: Nan ou menm tout fanmi sou tè a pral beni, **Jen.** 12:3 (Jen. 28:14; Abr. 2:11). Se mwen k ap Bondye tout fanmi Izrayèl yo, **Jer.** 31:1.

Tout fanmi nan syèl la ak sou tè a pote non Papa a, **Efe.** 3:14–15.

Adan ak Èv te fè tout fanmi ki sou tè a, **2 Ne.** 2:20.

Glwa w se ap kontinyasyon desandan w pou tout tan, **D&A** 132:19. M ap ba li kouwòn lavi etènèl nan mond etènèl yo, **D&A** 132:55. Sèlman pitit yo avèk paran yo se yon pati nan gran travay plenitud tout tan yo, **D&A** 138:48.

M te kreye yo gason ak fi, epi m te di yo: Ou dwe pwodwi, epi multipliyè, **Moyiz** 2:27–28. Li pa bon pou gason an rete pou kont li, **Moyiz** 3:18. Adan ak Èv te travay ansanm, **Moyiz** 5:1.

Responsablite paran yo: Abraram pral kòmande pitit li yo, epi y ap mache nan chemen Senyè a, **Jen.** 18:17–19. Anseye pitit ou yo pawòl sa yo avèk dilijans, **Det.** 6:7 (Det. 11:19). Yon moun ki renmen pitit

gason l, li chatye l, **Pwov.** 13:24 (Pwov. 23:13). Antrene timoun ou nan chemen li dwe mache, **Pwov.** 22:6. Viv jwayezman avèk madanm ou renmen an, **Ekl.** 9:9. Senyè a pral anseye tout pitit ou yo, **Eza.** 54:13 (3 Ne. 22:13).

Fè yo grandi nan nouriti Senyè a, **Efe.** 6:1–4 (Enòs 1:1). Si yon moun pa travay pou swen pa l, li nye lafwa a, **1 Tim.** 5:8.

Li te egzòte yo avèk tout santiman yon bon paran, **1 Ne.** 8:37. Nou pale konsènan Kris pou pitit nou yo kapab konnen nan ki sous pou yo gade, **2 Ne.** 25:26. Mari yo ak madanm yo renmen pitit yo, **Jakòb** 3:7. Anseye yo pou youn renmen lòt epi pou youn sèvi lòt, **Mozya** 4:14–15. Ou dwe defann fanmi w menm si se pou w ta vèsè san, **Alma** 43:47. Priye nan fanmi ou pou madanm ak pitit ou kapab beni, **3 Ne.** 18:21.

Paran yo dwe anseye pitit yo levanjil la, **D&A** 68:25. Chak gason dwe oblije pran swen fanmi pa l, **D&A** 75:28. Tout pitit dwe jwenn soutyen nan men paran yo, **D&A** 83:4. Elve pitit ou yo nan limyè ak verite, **D&A** 93:40. Mete lòd nan pwòp kay ou, **D&A** 93:43–44, 50. Detantè pretriz yo ta dwe enfluyansè lòt moun sèlman avèk lanmou san fent, **D&A** 121:41.

Adan ak Èv te fè pitit yo konnen tout bagay, **Moyiz** 5:12.

Responsablite yon pitit: Onore papa w ak manman w, **Egz.** 20:12. Pitit gason m nan, tandè enstriksyon papa w, **Pwov.** 1:8 (Pwov. 13:1; 23:22).

Jezi te soumèt devan paran li yo, **Lik** 2:51. Jezi te fè volonte papa l, **Jan** 6:38 (3 Ne. 27:13). Obeyi paran w yo nan Senyè a, **Efe.** 6:1 (Kol. 3:20).

Si pitit yo repanti, endiyasyon Senyè a ap soti, **D&A** 98:45–48. Pitit fi fidèl Èv yo te adore vrè Bondye vivan an, **D&A** 138:38–39.

Fanmi etènèl: Doktrin ak Alyans yo tabli nati etènèl maryaj ak relasyon famiyal. Maryaj selès ak kontinyasyon fanmi ansanm pèmèt mari ak madanm pou yo vin tounen bondye (D&A 132:15–20).

Farawon. *Gade tou nan* Ejipt; Ejiptis

Pi gran pitit gason Ejiptis la, pitit fi

Kam nan (Abr. 1:25). Epi tou, tit yo te bay wa Ejipsyen yo (Abr. 1:27).

Farizyen yo. *Gade tou nan Juif yo*

Nan Nouvo Testaman an, yon gwoup relijye pami Juif yo. Non gwoup sa a sigjere yon bagay ki separe oubyen ki apa. Farizyen yo te konn chante kantamwa kòm kidire se yo menm sèl ki te konn aplike lwa Moyiz la ekstrikteman epi yo te evite tout bagay ki asosye avèk Janti yo. Yo te kwè nan lavi apre lanmò, nan Rezirèksyon an, epi nan egzistans zanj yo ak lespri yo. Yo te kwè lwa oral la ak tradisyon an te gen menm enpòtans avèk lwa ekri a. Ansèyman yo te redui relijyon nan aplikasyon règ epi yo te ankouraje lògèy espirityèl. Yo te lakoz anpil Juif gen doute sou Kris la ak levanjil Li a. Senyè a te denonse Farizyen yo ak zèv yo nan Matye 23; Mak 7:1-23; epi Lik 11:37-44.

Fayette, New York (Etazini Damerik)

Se kote abitasyon Peter Whitmer, papa a te ye a, kote Pwofèt Joseph Smith, pitit la, te resevwa anpil revelasyon. Se la Legliz la te òganize nan dat 6 Avril 1830, epi yo te tande vwa Senyè a (D&A 128:20).

Fè. *Gade nan Obeyi, obeyisan, obeyisans*

Fè lacharite, lacharite. *Gade tou nan Antrèd; Jèn, jene; Ofrann; Pòv*

Ofrann pou ede pòv yo.

Pa fè lacharite w yo devan lèzòm, **Mat.** 6:1-4 (3 Ne. 13:1-4). Vèv pòv sa a te bay plis pase yo tout, **Mak** 12:41-44. Gen plis benediksyon nan bay pase resevwa, **Tra.** 20:33-35.

m ta vle w pataje byen w avèk pòv yo, **Mozya** 4:26. Pèp legliz la ta dwe pataje byen yo, chak moun dwe bay dapre sa li genyen, **Mozya** 18:27.

Febès. *Gade tou nan Enb, imilite*

Eta ki fè moun mòtèl, ki fè yo manke abilitè, fòs, oubyen eksperyans. Febès se yon eta egzistans. Tout moun fèb, epi se sèlman avèk gras Bondye yo resevwa pouvwa pou yo fè zèv jis (Jakòb 4:6-7).

Fèt ankò, fèt nan Bondye

Febès, sa manifeste an pati, nan feblès chak endividu oubyen nan enkapasite chak moun.

Ranfòse men fèb yo, **Eza.** 35:3-4.

Lespri a reyèlman gen volonte, men kò a fèb, **Mat.** 26:41 (Mak 14:38).

Poutèt feblès ki nan mwen, dapre kò a, m mande eskiz, **1 Ne.** 19:6. M te resevwa kòmandman pou m ekri bagay sa yo, malgre feblès mwen, **2 Ne.** 33:11. Pa fache kont sèvitè w poutèt feblès li, **Etè** 3:2. Janti yo pral moke bagay sa yo poutèt feblès nou nan ekri, **Etè** 12:23-25, 40. M ap montre yo feblès yo, **Etè** 12:27-28. Poutèt ou te wè feblès ou, m ap fè w vin fò, **Etè** 12:37.

Yon moun ki fèb nan pami w, li gen pou l vin fò, **D&A** 50:16. Jezikri konnen feblès lòm, **D&A** 62:1.

Fèt ankò, fèt nan Bondye. *Gade tou nan Batèm, batize; Konvèsyon, konvèti; Lòm natirèl; Pitit gason ak pitit fi Bondye; Pitit Kris yo; Pitit literal*

Lè yon moun gen Lespri Senyè a sa koze tèmman yon gwo chanjman nan kè l li vin pa gen okenn anvi fè mal, men okontrè li vle chèche zèv Bondye.

M ap mete yon nouvo lespri nan ou, **Ezek.** 11:19 (Ezek. 18:31; 36:26).

Moun ki te kwè nan non Kris, yo te fèt, pa nan san, men nan Bondye, **Jan** 1:12-13. Si yon moun pa fèt ak dlo epi ak Lespri a, li pa kapab antre nan wayòm Bondye a, **Jan** 3:3-7. Nou kapab refèt ak pawòl Bondye, **1 Pyè** 1:3-23. Nenpòt moun ki fèt nan Bondye li pa kontinye nan peche l yo, **TJS,** **1 Jn.** 3:9. Paske nenpòt bagay ki fèt nan Bondye gen viktwa sou mond lan, **1 Jn.** 5:4.

Moun ki fèt nan Kris, yo fè alyans avèk Bondye, **Mozya** 3:19; 5:2-7. Tout moun dwe fèt ankò; wi, fèt nan Bondye, **Mozya** 27:25-26 (Alma 5:49). Èske w te fèt espirityèlman nan Bondye, **Alma** 5:12-19. Si w pa fèt ankò ou pa kapab eritye wayòm syèl la, **Alma** 7:14.

Nenpòt moun ki kwè nan pawòl mwen yo, l ap fèt nan mwen, nan dlo menm ak nan Lespri a, **D&A** 5:16.

Fi, fi yo

Ou dwe fèt ankò nan wayòm syèl la, **Moyiz** 6:59.

Fi, fi yo. *Gade tou nan* Frè, frè yo; Lèzòm, lòm; Sè

Yon fi ki majè, yon pitit fi Bondye. Ekrityo itilize tèm *Fi* a kèk fwa kòm yon tit respè (Jan 19:26; Alma 19:10).

Bondye te kreye gason ak fi, **Jen.** 1:27 (Moyiz 2:27; 6:9; Abr. 4:27). Yon fi ki gen vèti pi chè pase ribi, **Pwov.** 31:10–31.

Fi se glwa gason, **1 Kor.** 11:7. Gason pa san fi, epi fi pa san gason nan Senyè a, **1 Kor.** 11:11. Fi ta dwe gen modesti nan abiman yo, **1 Tim.** 2:9–10.

Mwenmenm Senyè Bondye a, m apresye fi ki gen chastete, **Jakòb** 2:28.

Peche w yo padone epi w se yon fi chwazi, **D&A** 25:3. Fi yo dwe resevwa swen nan men mari yo, **D&A** 83:2.

Filemon. *Gade tou nan* Pòl

Yon nonm Kreyen nan Nouvo Testaman an ki te genyen esklav ki te rele Onezim, ki te kouri ale jwenn Pòl. Pòl te voye Onezim retounen ale jwenn Filemon avèk yon lèt pou mande Filemon padone esklav la.

Filemon, Epit pou. *Gade tou nan* Epit Pòl yo; Pòl

Yon liv nan Nouvo Testaman an, ki te soti nan yon lèt Pòl te ekri. Lèt Pòl te ekri voye bay Filemon an se yon lèt prive konsènan Onezim, yon esklav ki te vòlè zafè mèl li, Filemon, epi ki te kouri ale nan Wòm. Pòl te voye l tounen jwenn mèl li nan Kolòs, ansanm avèk Tichik, moun ki te pote lèt Pòl te voye bay Kolosyen yo. Pòl te mande pou Onezim resevwa padon epi pou yo te aksepte l kòm yon frè Kreyen. Pòl te ekri lèt sa a pandan li te nan prizon nan Wòm pou premyè fwa a.

Filip

Nan Nouvo Testaman an, Filip, moun Betsayida a, se te youn nan Douz Apot orijinèl Sovè a (Mat. 10:2–4; Jan 1:43–45).

Yon lòt Filip te youn nan sèt moun ki te chwazi pou ede Douz Apot yo (Tra.

6:2–6). Li te preche nan Samari epi li te preche yon enik Etyopyen (Tra. 8).

Filipyen yo, Epit pou. *Gade tou nan* Epit Pòl yo; Pòl

Yon lèt Pòl te ekri voye bay Sen Filip yo pandan li te nan prizon nan Wòm pou premyè fwa a. Kounyeya, se liv Filipyen yo nan Nouvo Testaman an.

Chapit 1 gen salitasyon Pòl ak enstrikasyon l sou inite, imilite, epi pèsèverans. Chapit 2 fè konnen tout moun pral bese tèt devan Kris la epi chak moun dwe travay pou pwòp sali pa l. Nan chapit 3, Pòl esplike li te sakrifye tout bagay pou Kris la. Nan chapit 4, Pòl te remèsye Sen Filip yo pou asistans yo.

Filisten yo

Nan Ansyen Testaman an, yon tribi ki te soti pwemyèm nan Kaftò (Amòs 9:7) epi ki te okipe platon, rich rivaj Méditerane a, depi nan Jopa jis nan dezè Ejiptyen an anvan epòk Abraram nan (Jen. 21:32). Pandan anpil ane te gen yon lit militè ant Filisten yo ak Izrayelit yo. Alafen, Filisti, non teritwa Filisten yo, te vin tounen yon non familye pou tout Tè Sen an.

Izrayèl te nan esklavaj anba men Filisten yo pandan 40 ane, **Jij** 13:1. Samson te goumen avèk Filisten yo, **Jij** 13–16. Golyat te yon Filisten, moun Gat, **1 Sam.** 17. David te dewoute Filisten yo, **1 Sam.** 19:8.

Finisman mond lan. *Gade nan* Mond—Finisman mond lan

Fo prèt

Moun ki preche epi ki tabli tèt yo kòm yon limyè pou mond lan pou yo kapab gen byen ak louwanj mond lan; yo pa chèchè byennèt Siyon (2 Ne. 26:29).

Nouri twoupo Bondye a, men pa fè l pou richès sal, **1 Pyè** 5:2.

Legliz ki tabli pou yo gen byen yo dwe tonbe, **1 Ne.** 22:23 (Mòm. 8:32–41). Poutèt fo prèt ak inikite, y ap krisifye Jezi, **2 Ne.** 10:5. Si fo prèt te pran fòs nan pami pèp sa a, sa t ap lakoz destriksyon yo, **Alma**

1:12. Janti yo ap chaje avèk tout kalite fo prèt, **3 Ne.** 16:10.

Fònikasyon. *Gade tou nan Adiltè;* Chastete; Sansyalite, sansyèl

Relasyon seksyèl ilegal ant de moun ki pa marye youn avèk lòt. Nan ekriti yo, yo itilize l pafwa tou kòm yon senbòl pou apostazi.

Abstine w kont fònikasyon, **Tra.** 15:20. Kò a pa pou fònikasyon, men li pou Senyè a, **1 Kor.** 6:13–18. Pou evite fònikasyon, chak gason dwe gen madanm pa l, **1 Kor.** 7:2–3. Se volonte Bondye pou w abstinence w kont fònikasyon, **1 Tes.** 4:3.

Jakòb te avèti pèp Nefi a kont fònikasyon, **Jakòb** 3:12. Ou pouri pou destriksyon, poutèt ansasen ak fònikasyon w yo, **Ela.** 8:26.

Fònikatè yo dwe repanti pou yo kapab vin manm Legliz la, **D&A** 42:74–78.

Frè, frè yo. *Gade tou nan Fi, fi yo;* Lèzòm, lòm; Sè

Kòm pitit Papa nou ki nan syèl la, tout gason ak fi se frè ak sè espirityèlman. Nan Legliz la lè y ap pale ak manm legliz oswa zanmi legliz la, yo di frè, yo pale konsènan manm gason ak zanmi gason Legliz yo kòm frè.

Lè w konvèti, fòtifye frè w yo, **Lik** 22:32. Yon moun ki pa renmen frè l li rete nan lanmò, **1 Jn.** 3:10–17.

Konsidere frè w yo menm jan ak tèt pa w, **Jakòb** 2:17.

Se pou chak moun respekte frè l menm jan ak tèt pa l, **D&A** 38:24–25. Ranfòse frè w yo nan tout konvèsasyon yo, **D&A** 108:7.

Frod. *Gade tou nan Twonpe, twonpri*

Nan ekriti yo, frod se yon plan mèt-dam.

Yon moun ki pa gen defo nan lespri l, li beni, **Sòm** 32:2 (Sòm 34:13; 1 Pyè 2:1).

Natanayèl te yon Izrayelit san defo, **Jan** 1:47 (D&A 41:9–11).

Konesans grandi yon nanm ki san defo, **D&A** 121:42.

Fwaye. *Gade tou nan Fanmi*

Yon fwaye ta dwe yon sant pou levanjil la avèk aktivite famiyal.

Yon nonm dwe lib lakay li, pou l ankouraje madanm li, **Det.** 24:5.

Li te voye l ale lakay li, **Mak** 8:26. Aprann timoun yo pou yo gen pyete nan lakay, **1 Tim.** 5:4. Gen bon sans, chastete, pran swen kay la, **Tit** 2:5.

Ale lakay ou epi medite sou bagay m te di yo, **3 Ne.** 17:2–3. M te pouse yo pou yo goumen pou madanm yo, ak pitit yo, ak kay yo, ak fwaye yo, **Mòm.** 2:23.

Papa yo resevwa kòmandman pou yo gen dilijans ak preokipasyon nan fwaye yo, **D&A** 93:43–44, 48–50.

Fwi Defandi. *Gade nan Chit Adan ak Èv; Edenn*

Gabryèl. *Gade tou nan Mari, manman Jezi; Noye, patriyach bibli; Zanj yo*

Yon zanj yo te voye kote Danyèl (Dan. 8:16; 9:21), Zakari (Lik 1:11–19; D&A 27:7), Mari (Lik 1:26–38), ak lòt moun (D&A 128:21). Pwofèt Joseph Smith te fè konnen Gabryèl se Noye, pwofèt Ansyen Testaman an.

Gad, pitit gason Jakòb. *Gade tou nan Izrayèl; Jakòb, pitit gason Izarak*

Nan Ansyen Testaman an, yon pitit gason Jakòb ak Zilpa (Jen. 30:10–11). Desandan li yo te vin tounen tribi Izrayèl.

Tribi Gad la: Pou benediksyon Jakòb sou Gad, pitit gason l lan, gade nan Jenèz 49:19. Pou benediksyon Moyiz sou tribi Gad la, gade nan Detewonòm 33:20–21. Daprè benediksyon sa yo, desandan Gad yo te gen pou yo vin yon ras gèrye. Tè yo te resevwa nan peyi Kanaran an te nan lès Rivyè Jouden an epi li te gen bon jaden manje bèt ak anpil dlo.

Gad, Vwayan an. *Gade tou nan Ekriti yo—Ekriti pèdi yo*

Yon pwofèt, yon zanmi fidèl epi yon konseye David nan Ansyen Testaman an (1 Sam. 22:5; 2 Sam. 24:11–19). Li te ekri yon liv sou aksyon David yo, liv

Galat yo, Epit pou

sa a te vin tounen ekriti pèdi (1 Kwo. 29:29).

Galat yo, Epit pou. *Gade tou nan Epit Pòl yo; Pòl*

Yon liv nan Nouvo Testaman an. Nan kòmansman se te yon lèt Pòl te ekri Sen yo ki t ap viv toupatou nan Galasi. Tèm liv sa a sèke moun kapab jwenn vrè libète sèlman nan levanjil Jezikri a. Si Sen yo ta adopte ansèyman Kretyen Juif yo ki te ensiste sou respè lwa Moyiz la, yo t ap detwi oubyen limite libète yo t ap jwenn nan Kris la. Nan epit la, Pòl te tabli pozisyon pa l kòm yon Apot, li te esplike doktrin jistis la nan lafwa, epi li afime valè yon relijyon espirityèl.

Nan chapit 1 ak 2, Pòl te ekspri regré li lè li te resevwa nouvèl apostazi pami moun Galat yo epi li klarifye pozisyon l pami Apot yo. Chapit 3 ak 4 diskite doktrin lafwa ak zèv. Chapit 5 ak 6 gen diskou konsènan rezilta pratik ak doktrin lafwa a.

Galile

Nan tan lontan ak nan tan modèn, zòn nan denye bout nò Izrayèl, nan lwès Rivyè Jouden an ak Lanmè Galile a. Galile gen yon longè apeprè 60 mil (95.5 km) ak yon lajè 30 mil (48.3 km). Nan tan lontan, li te genyen kèk nan pi bon tè ak vil ki te gen plis aktivite nan Izrayèl. Anpil gwo wout enpòtan ki mennen nan Damas, Ejjip, ak nan lès Izrayèl te pase anndan Galile. Klima ekselan l lan ak tè fètil li yo te pwodwi gran kantite rekòlt oliv, ble, lòj ak rezen. Lapèch bò Lanmè Galile a te bay yon gwo komès ekspòtasyon ak yon gwo sous richès. Sovè a te pase pifò tan l nan Galile.

Yon gran limyè pral leve nan Galile, **Eza.** 9:1-3 (2 Ne. 19:1-3).

Jezi te ale nan tout Galile pou l preche, anseye, ak geri, **Mat.** 4:23. Apre Jezi te fin resisite, li te parèt nan Galile, **Mak** 14:28 (Jan 21:1-14). Repitasyon Jezi te gaye toupatou nan Galile, **Lik** 4:14. Jezi te kòmans mirak li yo nan Kana, Galile, **Jan** 2:11.

Lanmè Galile a: Lanmè Galile a tabli nan nò Izrayèl. Yo te rele l Chinerèt nan Ansyen Testaman an epi Lak Jenezarèt oubyen Tiberyas nan Nouvo Testaman an. Jezi te preche anpil predikasyon nan kote sa a (**Mat.** 13:2). Lanmè a gen fòm yon zaboka longè li se 12.5 mil (20.1 km) epi li te mezire 7.5 mil (12.1 km) Kote ki te pi laj ladan l lan. Li tabli sou 680 pye (207.3 m) anba nivo lanmè a, ki lakoz lè nan anviwon an ase cho byen souvan. Lè frèt ki desann soti nan kolin yo epi ki kontre lè cho sou dlo a pwodwi siklòn sanzatann (**Lik** 8:22-24).

Gamalyèl. *Gade tou nan Farizyen yo*

Yon Farizyen popilè nan Nouvo Testaman an ki te konnen epi ki te anseye lwa Juif la. Apot Pòl te youn nan etidyan l yo (**Tra.** 22:3). Li te gen anpil enfluyans nan Sanedren an (**Tra.** 5:34-40).

Geri, gerizon. *Gade tou nan*

Administrasyon pou malad; Wen

Fè yon moun byen oubyen ba l sante ankò, fizikman ak espirityèlman. Ekriti yo gen anpil egzanz mirak gerizon Senyè a ak sèvitè Li yo te fè.

M se Senyè a ki te geri w la, **Egz.** 15:26. Naaman te tranpe kò l sèt fwa nan Rivyè Jouden an epi li te geri, **2 Wa** 5:1-14. Soufrans li yo geri nou, **Eza.** 53:5 (Mozya 14:5). Solèy jistis la ap leve avèk gerizon nan zèl li yo, **Mal.** 4:2.

Jezi te geri tout kalite maladi, **Mat.** 4:23 (**Mat.** 9:35). Li te ba yo pouvwa pou geri tout kalite maladi, **Mat.** 10:1. Li te voye m pou m geri moun ki gen kè dou yo, **Lik** 4:18.

Pouvwa Ti mouton Bondye a te geri yo, **1 Ne.** 11:31. Si w kwè nan redanmsyon Kris la, ou kapab geri, **Alma** 15:8. Li te geri yo chak, **3 Ne.** 17:9.

Yon moun ki gen lafwa nan mwen pou l geri, l ap geri, **D&A** 42:48. y ap geri malad nan non m, **D&A** 84:68.

Nou kwè nan don gerizon, **AL** 1:7.

Glwa. *Gade tou nan* Degre glwa; Limyè, limyè Kris; Verite

Nan ekriti yo, yo refere glwa souvan

avèk limyè epi verite Bondye. Li kapab refere tou avèk louwanj oubyen onè epi nan yon sèten kondisyon avèk lavi etènèl oubyen glwa Bondye.

Senyè tout Lame yo sen: tout tè a ranpli avèk glwa l, **Eza.** 6:3 (2 Ne. 16:3).

Nou chanje nan menm imaj la soti nan yon glwa, ale nan yon lòt glwa, **2 Kor.** 3:18.

Li pral leve m pou m rete avèk li nan glwa, **Alma** 36:28.

Glwa moun pral resevwa nan rezi-rèksyon an ap diferan daprè jistis, **D&A** 76:50–119. Glwa Bondye se entèlijans, **D&A** 93:36.

Glwa Bondye se pou l reyalize imòtallite ak lavi etènèl lèzòm, **Moyiz** 1:39. m te wè de pèsonaj, limyè yo ak glwa yo depase tout deskripsyon, **I—JS** 1:17.

Glwa selès. *Gade tou nan* Degre glwa; Egzaltasyon; Lavi etènèl

Pi gwo degre nan twa degre yo yon moun kapab rive apre lavi sa a. Kote sa a, moun ki jis yo ap rete nan prezans Papa Bondye ak Jezikri, Pitit Gason L la.

Glwa selès la se youn, **1 Kor.** 15:40 (D&A 76:96). Pòl te monte nan twazyèm syèl la, **2 Kor.** 12:2.

Glwa selès te parèt nan vizyon, **D&A** 76:50–70. Si Sen yo vle yon plas nan mond selès la, yo dwe prepare, **D&A** 78:7. Yon moun ki pa kapab sipòte lwa yon wayòm selès, li p ap kapab sipòte yon glwa selès, **D&A** 88:15–22. Nan glwa selès la gen twa syèl; gen kondisyon ki tabli pou yon moun kapab monte nan pi wo a, **D&A** 131:1–2. Timoun ki mouri avan laj responsablite, y ap sove nan wayòm selès la, **D&A** 137:10.

Glwa telès. *Gade tou nan* Degre glwa

Degre ki pi ba nan twa degre glwa kote moun pral rete apre jijman final la.

Pòl te wè glwa etwal yo, **1 Kor.** 15:40–41.

Joseph Smith ak Sidney Rigdon te wè glwa telès la, **D&A** 76:81–90. Abitan mond telès yo te anpil menm jan avèk etwal yo, **D&A** 76:109–112. Yon moun

ki pa kapab sipòte lwa yon wayòm telès, li pa kapab sipòte yon glwa telès, **D&A** 88:24, 31, 38.

Glwa terès. *Gade tou nan* Degre glwa

Dezyèm degre nan twa degre glwa kote moun pral rete apre Jijman Final la.

Pòl te wè yon glwa terès, tankou glwa lalin, **1 Kor.** 15:40–41.

Joseph Smith ak Sidney Rigdon te wè glwa terès la, **D&A** 76:71–80. Glwa terès la depoze glwa telès, **D&A** 76:91. Moun ki pa kapab sipòte yon lwa wayòm terès, yo pa kapab sipòte yon glwa terès, **D&A** 88:23, 30, 38.

Gòg. *Gade tou nan* Dezyèm Vini Jezikri; Magòg

Yon wa Magòg. Ezekyèl te pwofetize pou fè konnen Gòg t ap gen pou l anvayi Izrayèl nan epòk Dezyèm Vini Senyè a (Ezek. 38–39). Yon lòt batay, ki rele batay Gòg avèk Magòg ap fèt nan fen Milenyòm nan (Apok. 20:7–9; D&A 88:111–116).

Gòlgota. *Gade tou nan* Jezikri; Krisifiksyon

Gòlgota vle di “yon zo tèt” nan lang Aramik an. Se non kote yo te krisifye Kris la (Mat. 27:33; Mak 15:22; Jan 19:17). Non Latèn kote sa, se Kalvè (Lik 23:33).

Golyat. *Gade tou nan* David

Ansyen Testaman, yon Jeyan Filisten ki te bay lame Izrayelit yo defi. David te aksepte defi li a epi David te touye l avèk èd Senyè (1 Sam. 17).

Gomò. *Gade tou nan* Sodòm

Nan Ansyen Testaman an, yon vil mechan Senyè a te detwi (Jen. 19:12–29).

Gouvènman. *Gade tou nan* Konstitisyon

Lè Jezikri retounen, L ap tabli yon gouvènman jistis.

Gouvènman an ap sou zèpòl li, **Eza.** 9:6 (2 Ne. 19:6).

Bay Seza bagay ki pou li, **Mat.** 22:21 (D&A 63:26). Soumèt devan gran otorite

Gran Konsèy

yo, **Wom.** 13:1. Priye pou wa yo ak tout moun ki gen otorite, **1 Tim.** 2:1–2. Soumèt ou devan otorite, ak pouvwa epi ak majistra yo, **Tit** 3:1. Soumèt ou devan chak òdonans lèzòm poutèt Senyè a, **1 Pyè** 2:13–14. Jezikri ap sèl gouvènè sou tè a, **Apok.** 11:15.

Lonmen moun ki jis pou wa w, **Mozya** 23:8. Fè afè w avèk vot pèp la, **Mozya** 29:26.

Kris ap gouvènè w lè l vini, **D&A** 41:4. Yon moun ki respekte lwa Bondye yo, li pa gen nesite pou l vyole lwa peyi a, **D&A** 58:21. Lè moun mechan ap gouvènè, pèp la plenyen, **D&A** 98:9–10. Bondye tabli gouvènman yo pou benefis limanite, **D&A** 134:1–5. Lèzòm dwe aksepte ak soutni gouvènman yo, **D&A** 134:5.

Nou kwè nou dwe soumèt nou devan wa yo, prezidan yo, gouvènè yo, ak majistra yo, **AL** 1:12.

Gran Konsèy

Yon konsèy ki gen douz gran prèt.

Nan kòmansman Legliz retabli a, mo *gran konsèy* la bay te fè moun panse a de gwoup dirijan diferan: (1) Kowòm Douz Apot Legliz la (**D&A** 107:33, 38) epi (2) gran konsèy k ap travay nan chak nan pye yo (**D&A** 102; 107:36).

Gran Legliz Abominab. *Gade nan*

Dyab—Legliz dyab la

Gran prèt. *Gade tou nan* Prèttriz Aawon an; Prèttriz Mèlkisedèk

Yon ofis nan prèttriz la. Ekrityo yo pale de “gran prèt” nan de sans: (1) yon ofis nan Prèttriz Mèlkisedèk la; epi (2) yon ofisyè prezidan nan Prèttriz Aawon an, dapre lwa Moyiz la.

Premye sans lan aplike pou Jezikri kòm pi Gran Prèt la. Adan ak tout patriyach yo te gran prèt tou. Nan tan jodi a, twa gran prèt prezidan fòmè Prezidan Legliz la epi yo prezide sou tout lòt detantè prèttriz ak manm Legliz yo. Gen lòt gason diy ki resevwa òdinasyon apwopriye kòm gran prèt nan tan jodi a. Gran prèt yo kapab resevwa apèl, yo kapab vin apa, epi yo kapab

resevwa òdinasyon kòm evèk (**D&A** 68:19; 107:69–71).

Nan dezyèm sans lan, dapre lwa Moyiz la, yo te rele ofisyè prezidan Prèttriz Aawon an gran prèt. Ofis la te ereditè epi li te pase pa premye ne nan fanmi Aawon an, Aawon limenm se premye gran prèt nan lòd Aawon an (**Egz.** 28–29; **Lev.** 8; **D&A** 84:18).

Mèlkisedèk te yon prèt pou Bondye Ki Pi Wo a, **Jen.** 14:18 (**Alma** 13:14).

Gran prèt yo te resevwa apèl, epi yo te prepare anvan fondasyon mond lan, **Alma** 13:1–10.

Gran prèt yo administre bagay espirityèl, **D&A** 107:10, 12, 17.

Gran Prèttriz. *Gade nan* Prèttriz Mèlkisedèk

Gras. *Gade tou nan* Ekspyasyon, ekspyè; Jezikri; Mizèrikòd; Sali

Pouvwa ki soti kote Bondye ki pèmèt fi ak gason resevwa benediksyon nan lavi sa a epi pou yo gen lavi etènèl ak egzaltasyon lè yo fin egzèsè lafwa, repanti epi lè yo fin fè tout efò yo pou yo respekte kòmandman yo. Nou resevwa èd oubyen fòs diven sa a pa mwayen mizèrikòd ak lanmou Bondye. Chak moun mòtèl bezwen gras diven poutèt Chit Adan an epi tou poutèt feblès lèzòm.

Se avèk Jezikri gras ak verite vini, **Jan** 1:17. N ap sove nan gras Kris la, **Tra.** 15:11 (**Wom.** 3:23–24; **D&A** 138:14). Nou gen aksè nan gras li a, avèk lafwa, **Wom.** 5:2. Nou sove avèk gras nan lafwa, **Efe.** 2:8. Gras Bondye mennen sali, **Tit** 2:11. Vini kareman nan fotèy gras la, **Ebre** 4:16. Bondye bay moun ki gen imilite yo gras, **1 Pyè** 5:5.

Pèsonn pa kapab rete nan prezans Bondye san merit, mizèrikòd ak gras Sen Mesi a, **2 Ne.** 2:8. Se sèlman nan epi avèk gras Bondye lèzòm sove, **2 Ne.** 10:24. Nou sove avèk gras, apre tout sa nou kapab fè, **2 Ne.** 25:23. Se avèk gras nou gen pouvwa pou nou fè tout bagay sa yo, **Jakòb** 4:7. Lèzòm ap retabli nan gras pou gras, dapre zèv yo, **Ela.** 12:24. Gras mwen sifi pou moun ki dou yo epi

tout moun ki imilye tèt yo, **Etè** 12:26–27. Mowoni te priye pou Janti yo te kapab resevwa gras pou yo kapab gen charite, **Etè** 12:36, 41. Avèk gras Bondye ou pafè nan Kris, **Mowo.** 10:32–33.

Jezi te resevwa gras pou gras, **D&A** 93:12–13, 20.

Gratitid. *Gade nan* Rekonesan, remèsiman

Grenn Moutad

Grenn yon pye moutad. Malgre yon grenn piti anpil, li bay yon plant ki gwo anpil. Jezi te konpare wayòm syèl la avèk yon grenn moutad (**Mat.** 13:31).

Si w gen lafwa tankou yon grenn moutad, ou kapab deplase mòn, **Mat.** 17:20.

Harris, Martin. *Gade tou nan* Temwen Liv Mòmmon yo

Youn nan Twa Temwen orijin diven ak verasite Liv Mòmmon an. Li te ede Joseph Smith ak Legliz la ekonomikman. Senyè a te mande Martin Harris pou l vann byen li epi pou l bay fon li yo pou peye pou piblikasyon Liv Mòmmon an (**D&A** 19:26–27, 34–35), pou l yon ekzanp pou Legliz la (**D&A** 58:35), epi pou l ede nan depans ministè a (**D&A** 104:26).

Yo te ekskominye Martin Harris nan Legliz la men apre sa li te retounen kòm yon manm aktif. Jiska lafen lavi li, li te rann temwayaj pou fè konnen li te wè zanj Mowoni ak plak lò yo kote Joseph Smith te tradui Liv Mòmmon an.

Hèn. *Gade nan* Rayi, rayiman

Hyde, Orson

Yon manm nan premye Kowòm Douz Apot yo ki te resevwa apèl nan dispanstasyon sa a (**D&A** 68:1–3; 75:13; 102:3; 124:128–129). Li te ranpli anpil misyon pou Legliz la, youn ladan yo se te konsekrasyon tè sen an nan ane 1841 pou retou pèp Juif la.

Idolatri

Adorasyon idòl oubyen yon atachman

egzajere oubyen devosyon pou nenpòt bagay.

Ou pa dwe gen okenn lòt bondye devan m, **Egz.** 20:3 (**Mozya** 12:35; 13:12–13). Si w mache dèyè lòt bondye, w ap peri kanmèm, **Det.** 8:19. Tèt di se inikite menm jan ak idolatri, **1 Sam.** 15:23. Ou te dekouvri tèt ou bay yon lòt moun pase m, **Eza.** 57:8. Ou te louwe bondye lajan ak lò yo, **Dan.** 5:23.

Ou pa kapab sèvi Bondye ak mamon, **Mat.** 6:24. Konvwatiz se idolatri, **Kol.** 3:5. Piti mwen yo, mete kò w lwen idòl, **1 Jn.** 5:21.

Malè moun ki adore idòl, **2 Ne.** 9:37. Idolatri pèp Nefi a te pote lagè ak destriksyon sou yo, **Alma** 50:21.

Chak moun mache dapre imaj bondye pa li a, **D&A** 1:16. Se pou yo travay avèk men pa yo pou kapab pa gen idolatri, **D&A** 52:39.

Idolatri te pote papa Abraram ale, **Abr.** 1:27.

Imni. *Gade tou nan* Mozya, pitit gason Benjamen; Mozya, pitit gason yo

Nan Liv Mòmmon an, yon pitit gason Wa Mozya. Imni avèk frè li yo te ale preche Lamanit yo (**Mozya** 27:8–11, 34–37; 28:1–9).

Imoralite. *Gade nan* Chastete; Imoralite seksyèl; Mechan, mechanste; Sansyalite, sansyèl

Imoralite seksyèl. *Gade tou nan* Adiltè; Fònikasyon; Sansyalite, sansyèl

Patisipasyon volonte nan adiltè, fònikasyon, konpòtman omoseksyèl ak lesbyèn, ensès, oubyen nenpòt lòt aktivite seksyèl. malsen, anòmal oubyen enpi.

An nou fè papa nou bwè diven, epi n ap kouche avèk li, **Jen.** 19:30–36. Riben te ale kouche avèk Bila ki te metrès papa l, **Jen.** 35:22 (**Jen.** 49:4; 1 **Kwo.** 5:1). Konpòtman omoseksyèl ak lòt pèvèsyon seksyèl se abominasyon, **Lev.** 18:22–23. Si yon gason fòse yon fi kouche avèk li, se sèlman gason an ki komèt peche, **Det.** 22:25–27.

Imòtalite, imòtèl

Nenpòt moun ki gade yon fi avèk anvi, li deja komèt adiltè avèk li nan kè l, **Mat.** 5:28 (3 Ne. 12:28). Fònikasyon, salte, afeksyon delimite se idolatri, **Kol.** 3:5. Nan dènye jou yo lèzòm ap san afeksyon natirèl, **2 Tim.** 3:1-3.

Peche seksyèl se yon abominasyon, **Alma** 39:3-5.

Imòtalite, imòtèl. *Gade tou nan*

Ekspyasyon, ekspye; Jezikri; Mòtalite, mòtèl; Rezirèksyon; Sali

Lè moun viv pou tout tan nan yon eta resisite, lè yo pa kapab soumèt anba lanmò fizik.

Li te leve, **Mak** 16:6. Menm jan an tout moun ap vin vivan nan Kris, **1 Kor.** 15:22. Lanmò ap anglouti lè kò mòtèl sa vin imòtèl, **1 Kor.** 15:53-54. Kris te aboli lanmò epi li te pote imòtalite, **2 Tim.** 1:10.

Imòtalite se restorasyon lespri a ak kò a, **2 Ne.** 9:13. Lespri yo reyini avèk kò yo ap vin imòtèl, yo p ap janm mouri ankò, **Alma** 11:45.

Fidèl yo pral kouwone avèk imòtalite epi avèk lavi etènèl, **D&A** 75:5. Tè a pral vin sanntifye ak imòtèl, **D&A** 77:1 (**D&A** 130:9).

Travay Bondye ak glwa l, se pou l reyalize imòtalite ak lavi etènèl lèzòm, **Moyiz** 1:39.

Inimitye. *Gade tou nan* Anvi; Lanmou, renmen; Vanjans

Nan ekriti yo, antagonis, ostilite, ak hèn.

M ap mete inimitye ant ou menm avèk fi, **Jen.** 3:15 (**Moyiz** 4:21).

Lespri chanèl la se inimitye kont Bondye, **Wom.** 8:7. Amitye mond lan se inimitye avèk Bondye, **Jak** 4:4.

Nan jou sa a inimitye ap sispann devan je m, **D&A** 101:26.

Inite. *Gade tou nan* Bondye, Divinite

Tounen yon sèl nan panse, volonte ak bi, premyèman avèk Papa nou ki nan syèl la ak Jezikri, epi apre sa avèk lòt Sen yo.

Li bon pou frè yo rete ansanm nan inite, **Sòm** 133:1.

Mwenmenm ak Papa m nou fè youn, **Jan** 10:30 (**D&A** 50:43). Jezi te priye pou tout moun ki fè youn menm jan li menm ak Papa l fè youn, **Jan** 17:11-23 (3 Ne. 19:23). M priye w pou pa gen divizyon nan pami w, men pou w lye ansanm pa fètman, **1 Kor.** 1:10.

Chèche detèminasyon nan yon sèl panse, yon sèl kè, inifye nan tout bagay, **2 Ne.** 1:21. Sen yo ta dwe koud kè yo ansanm nan inite, **Mozya** 18:21. Jezi te priye pou inite nan pami disip Nefit li yo, **3 Ne.** 19:23. Disip yo te ini ansanm nan gran priye ak jèn, **3 Ne.** 27:1.

Papa, Pitit Gason an ak Sentespri a fè youn sèl, **D&A** 20:27-28 (**D&A** 35:2; 50:43). Se devwa w pou w ini avèk vrè legliz la, **D&A** 23:7. Nenpòt sa w mande avèk lafwa, si w ini nan priye, w ap resevwa l, **D&A** 29:6. Si w pa youn, ou pa pou mwen, **D&A** 38:27.

Senyè a te rele pèp li a Siyon paske yo te youn nan kè ak nan panse, **Moyiz** 7:18.

Inosan, Inosans

San blam oubyen san peche.

Anvan chit la, Adan ak Èv te nan inosans, **2 Ne.** 2:23. San inosan yo pral sèvi temwen, **Alma** 14:11.

Lespri tout moun te inosan nan kòmansman, **D&A** 93:38. Inosan yo pa dwe kondane avèk enjis yo, **D&A** 104:7. Joseph ak Hyrum Smith te inosan, yo pa t komèt okenn krim, **D&A** 135:6-7.

Timoun piti yo sen depi nan fondasyon tè a, **Moyiz** 6:54.

Isaka. *Gade tou nan* Izrayèl; Jakòb, pitit gason Izarak

Yon pitit gason Jakòb avèk Leya nan Ansyen Testaman an, (**Jen.** 30:17-18; 35:23; 46:13). Desandan li yo te vin tounen yon nan douz tribi Izrayèl yo.

Tribi Isaka a: Nou jwenn benediksyon Jakòb te bay Isaka a nan Jenèz 49:14-15. Apre yo te fin tabli nan Kanaran, tribi a te resevwa kèk nan tè ki te pi rich nan Filisti, ladann tou te gen plèn Esdralon an. Nan fwontyè Isaka yo te gen anpil kote enpòtan nan istwa Juif yo, paegzanp,

Kamèl, Megido, Dotan, Gilboa, Jizreyèl, Tabò, ak Nazarèt (Joz. 19:17–23).

Ismayèl, Bòpè Nefi. *Gade tou nan*
Leyi, papa Nefi

Yon nonm nan Liv Mòmmon an, ansanm avèk fanmi li, ki te vwayaje ansanm avèk fanmi Leyi a pou ale nan tè pwomiz la.

Nefi ak frè li yo te retounen Jerizalèm epi yo te pèsyade Ismayèl ak fanmi l pou akonpaye Leyi ak fanmi l nan tè pwomiz la, **1 Ne.** 7:2–5. Moun nan fanmi yo te marye youn avèk lòt, **1 Ne.** 16:7. Ismayèl te mouri nan dezè a, **1 Ne.** 16:34.

Ismayèl, pitit gason Abraram. *Gade*
tou nan Abraram; Aga

Nan Ansyen Testaman an, yon pitit gason Abraram avèk Aga, bòn Ejiptyen Sara te genyen an (Jen. 16:11–16). Senyè a te pwomèt Abraram ak Aga ke Ismayèl t ap vin tounen papa yon gwo nasyon (Jen. 21:8–21).

Alyans lan te pase nan Izarak pase Ismayèl, **Jen.** 17:19–21 (Gal. 4:22–5:1). Bondye te beni Ismayèl pou l te kapab vin pwodiktif, **Jen.** 17:20. Ismayèl te ede nan antèman Abraram nan, **Jen.** 25:8–9. Yo te bay douz pitit gason Ismayèl yo non, **Jen.** 25:12–16. Ismayèl te mouri, **Jen.** 25:17–18. Ezayu te marye avèk Maalat, pitit fi Ismayèl la, **Jen.** 28:9.

Istwa Familyal. *Gade nan* Jeneyaloji;
Sali pou mò

Iwoni. *Gade tou nan* Move pawòl

Lè moun iwonize bagay ki sakre (D&A 84:54).

Sen yo pa dwe gen move panse, ni ri san limit, **D&A** 88:69. Sispann tout logèy ou ak tout rizib ou, **D&A** 88:121.

Izarak. *Gade tou nan* Abraram—
Desandan Abraram yo

Yon patriyach Ansyen Testaman. Lè Abraram ak Sara te fè l pandan yo te granmoun nan, se te yon mirak (Jen. 15:4–6; 17:15–21; 21:1–8). Lè Abraram te vle ofri Izarak la se te yon resanblans Bondye avèk Sèl Pitit Gason Literal Li

a (Jakòb 4:5). Izarak te eritye pwomès alyans Abraram nan (Jen. 21:9–12; 1 Ne. 17:40; D&A 27:10).

Izarak te fèt, **Jen.** 21:1–7. Te gen pou l pase anba sakrifis sou mòn Morija a, **Jen.** 22:1–19 (D&A 101:4). Te marye, **Jen.** 24. Te asosye avèk pitit gason li yo, **Jen.** 27:1–28:9.

Li te resevwa egzaltasyon avèk Abraram epi avèk Jakòb, **D&A** 132:37 (Mat. 8:11).

Izayi. *Gade tou nan* David

Nan Ansyen Testaman an, papa David epi zansèt Kris la ak tout wa Jida yo.

Pitit gason Rit la, Obèd, te papa Izayi, **Rit** 4:17, 22. Zansèt Izayi yo te desann konekte jis nan Jida, **1 Kwo.** 2:5–12 (Mat. 1:5–6).

Izrayèl. *Gade tou nan* Abraram—

Desandan Abraram yo; Adopsyon;
Jakòb, pitit gason Izarak

Senyè a te rele Izrayèl Jakòb, ki te pitit gason Izarak e pitit pitit gason Abraram nan Ansyen Testaman an (Jen. 32:28; 35:10). Non Izrayèl la kapab voye nou nan Jakòb limenm, desandan li yo, oubyen wayòm desandan sa yo te posede nan epòk Ansyen Testaman an (2 Sam. 1:24; 23:3). Apre Moyiz te fin dirije pitit Izrayèl yo soti nan esklavaj Ejiptyen (Egz. 3–14), yo te vin sou gouvènman jij pandan pliske twazan. Kòmanse avèk Wa Sayil, wa te gouvènè Izrayèl inifye a jistan Salomon te mouri, lè dis tribi te revòlte kont Robowam pou yo fòme yon nasyon separe. Lè wayòm Izrayèl la te fin divize, pati nò a, ki te pati pi laj la, te kenbe non Izrayèl la, alòske wayòm sid la te rele Jida. Jodi a, tè Kanaran an rele Izrayèl tou. Nan yon lòt sans, Izrayèl vledi yon vrè kwayan nan Kris (Wom. 10:1; 11:7; Gal. 6:16; Efe. 2:12).

Douz tribi Izrayèl yo: Yo te chanje non Jakòb, pitit pitit gason Abraram nan pou fè l tounen Izrayèl, li te gen douz pitit gason. Yo te vin konnen desandan yo sou non douz tribi Izrayèl yo oubyen pitit

Izrayèl

Izrayèl yo. Men douz tribi yo: Riben, Si-meyon, Levi, Jida, Isaka, epi Zabilon (pitit gason Jakòb yo avèk Leya); Dan ak Neftali (pitit gason Jakòb yo avèk Bila); Gad epi Asè (pitit gason Jakòb yo avèk Zilpa); Jozèf ak Benjamen (pitit gason Jakòb yo avèk Rachèl) (Jen. 29:32–30:24; 35:16–18).

Jakòb te bay chak dirijan tribi yon benediksyon anvan l te mouri (Jen. 49:1–28). Pou plis enfòmasyon, gade nan non chak pitit gason Jakòb yo.

Riben, premye pitit gason premye madanm Jakòb la ki te rele Leya a te pèdi benediksyon dwadenès li ak yon pòsyon doub nan eritaj li poutèt imoralite (Jen. 49:3–4). Dwadenès la t ale jwenn Jozèf, ki te premye pitit gason dezyèm madanm Jakòb la, ki te rele Rachèl (1 Kwo. 5:1–2). Levi, nonm Senyè a te chwazi tribi li a pou sèvi kòm prèt, li pa t resevwa yon eritaj poutèt apèl espesyal yo te resevwa pou sèvi pami tout tribi yo. Sa te pèmèt pòsyon doub Jozèf la ale jwenn pitit gason Jozèf yo, Efrayim ak Manase (1 Kwo. 5:1; Jer. 31:9), ki te konte kòm tribi separe pami tribi Izrayèl yo (TJS, Jen. 48:5–6 [Apendis]).

Manm tribi Jida yo te gen pou yo sèvi kòm gouvènè jistan Mesi a te vini (Jen. 49:10; TJS, Jen. 50:24 [Apendis]). Nan dènye jou yo, tribi Efrayim nan gen privilèj pou l pote mesaj Retablisman levanjil la bay mond lan ak rasanbleman Izrayèl ki te dispèse a (Det. 33:13–17). Tan an pral rive pou Efrayim gen yon pozisyon dirijan pou l reyini tout tribi Izrayèl yo pa mwayen levanjil Jezikri a (Eza. 11:12–13; D&A 133:26–34).

Dispèsyon Izrayèl la: Senyè a te dispèse epi Li te aflije douz tribi Izrayèl yo poutèt enjistis yo ak rebelyon yo. Sepandan, Senyè a te sèvi tou ak dispèsyon pèp Li te chwazi pami nasyon yo ki nan mond lan pou L beni nasyon sa yo.

M ap dispèse w nan pami ate yo, **Lev.** 26:33. Senyè a pral dispèse w nan pami tout pèp, **Det.** 28:25, 37, 64. M ap livre yo pou moun kapab chase yo nan tout wadyòm sou tè a, **Jer.** 29:18–19. M ap vannan

kay Izrayèl la nan pami tout nasyon yo, **Amòs** 9:9 (Zak. 10:9).

Jezi te vini pou brebi pèdi kay Izrayèl yo, **Mat.** 15:24. m gen lòt brebi ki pa nan twoupou sa, **Jan** 10:16.

Izrayèl pral dispèse sou tout sifas tè a, **1 Ne.** 22:3–8. Jakòb tabli konparezon Zenòs la, konsènan bon pye oliv la ak pye oliv mawon an, **Jakòb** 5–6. Travay Papa a pral kòmanse ant tribi dispèse yo, **3 Ne.** 21:26.

Rasanbleman Izrayèl la: Kay Izrayèl la pral rasanble ansanm nan dènye jou yo anvan vini Kris la (AL 1:10). Senyè a rasanble pèp Izrayèl Li a lè yo aksepte L epi yo respekte kòmandman Li yo.

Li pral leve yon banyè epi y ap vini, **Eza.** 5:26. m pral rasanble w avèk anpil mizèrikòd, **Eza.** 54:7. Izrayèl ak Jida gen pou yo rasanble nan tè yo, **Jer.** 30:3. Senyè a pral rasanble kay Izrayèl la soti nan pami moun ki te dispèse yo a, **Ezek.** 28:25.

Nan dispansasyon ki totalize tout lòt epòk yo, li pral rasanble tout bagay ansanm nan Kris la, **Efe.** 1:10.

Lè Izrayèl fin dispèse, yo pral rasanble, **1 Ne.** 15:12–17. Senyè a pral rasanble tout moun nan kay Izrayèl yo ansanm, **1 Ne.** 19:16 (3 Ne. 16:5). Yo pral soti nan tenèb epi y ap konnen Senyè a se Sovè yo, **1 Ne.** 22:12. Bondye rasanble epi li konte pitit li yo, **1 Ne.** 22:25. Nasyon Janti yo pral pote Izrayèl mete nan tè eritaj yo, **2 Ne.** 10:8 (3 Ne. 16:4). Pèp mwen an ak pawòl mwen pral rasanble fè youn, **2 Ne.** 29:13–14.

Ansyen yo resevwa apèl pou yo rasanble moun chwazi yo, **D&A** 29:7 (D&A 39:11). M pral rasanble eli m yo, **D&A** 33:6. Rasanble pou m kapab ba w lwa mwen epi pou w kapab resevwa dotasyon, **D&A** 38:31–33. M pral geri pèp mwen an, ki fè pati nan kay Izrayèl la, **D&A** 39:11. Sen yo pral vini, **D&A** 45:46. Moyiz te remèt kle yo pou rasanbleman an, **D&A** 110:11.

Jistis ak verite pral bale tè a epi rasanble eli Senyè yo a, **Moyiz** 7:62. Rasanbleman an konpare avèk yon kadav nan mitan zwazo rapos yo, **M—JS** 1:27.

Dis tribi pèdi Izrayèl yo: Dis tribi Izrayèl yo te fòme wayòm nò Izrayèl la epi Asiri te kaptivite nan 721 ANVAN JEZIKRI. Nan epòk sa a, yo t ale nan “peyi nò yo” epi yo te vin pèdi dapre konesans lòt tribi yo. Nan dènye jou yo y ap retounen.

M pral di kote nò a, Ban mwen yo, **Eza.** 43:6. Moun sa yo pral soti nan nò, **Eza.** 49:12 (1 Ne. 21:12). Jida ak Izrayèl pral soti nan peyi nò a ansanm, **Jer.** 3:18. Senyè a ki te mennen pitit Izrayèl yo soti nan peyi nò a vivan, **Jer.** 16:14–16. M pral wete yo nan peyi nò a, **Jer.** 31:8.

Nefit yo ak Juif yo pral genyen pawòl tribi pèdi Izrayèl yo, **2 Ne.** 29:12–13. M pral fè tribi pèdi Izrayèl yo wè m, **3 Ne.** 17:4. Lè moun preche rès kay Izrayèl la levanjil la, tribi pèdi yo pral rasanble lakay yo nan tè eritaj yo, **3 Ne.** 21:26–29.

Moyiz te remèt kle rasanbleman Izrayèl yo bay Joseph Smith ak Oliver Cowdery, **D&A** 110:11. Senyè a ap sonje moun ki nan peyi nò yo, **D&A** 133:26–32.

Nou kwè nan rasanbleman literal Izrayèl la, **AL** 1:10.

Jaden Edenn nan. *Gade nan* Edenn

Jaden Jetsemane a. *Gade nan* Jetsemane

Jaden Senyè a. *Gade tou nan* Chan; Izrayèl

Yon senbòl pou yon chan travay es-pirityèl. Nan ekrti yo, jaden Senyè a òdinèman bay referans kay Izrayèl la oubyen wayòm Bondye sou tè a. Kèk fwa, li refere pèp yo ki nan mond lan jeneralman.

Jaden Senyè tout Lame yo se kay Izrayèl la, **Eza.** 5:7 (2 Ne. 15:7).

Jezi te bay parabòl travayè yo nan jaden an, **Mat.** 20:1–16.

Izrayèl tankou yon pye oliv natirèl ki nouri nan jaden Senyè a, **Jakòb** 5. Sèvitè Senyè a yo pral laboure jaden li a pou dènye fwa, **Jakòb** 6.

Senyè a pral beni tout moun ki travay nan jaden l lan, **D&A** 21:9 (Alma 28:14). Travay ou nan jaden m pou dènye fwa a, **D&A** 43:28.

Jak, pitit gason Zebede

Jafèt. *Gade tou nan* Noye, patriyach bibliik

Premye pitit gason Noye, yon pwofèt Ansyen Testaman (Moyiz 8:12).

Yoye te fè Jafèt, **Jen.** 5:32 (Jen. 6:10; Moyiz 8:12). Jafèt ak madanm li te antre nan bato Noye a, **Jen.** 7:13. Jafèt te soti nan bato a, **Jen.** 9:18. Bondye pral grandi Jafèt, **Jen.** 9:27.

Jak, Frè Senyè a

Nan Nouvo Testaman an, yon frè Senyè a (Gal. 1:19) ak Joze, Simon, Jida ak kèk sè (Mat. 13:55–56; Mak 6:3; Jid 1:1). Yo te konn rele l tou Jak, nonm Jis la epi li te okipe yon pozisyon enpòtan nan Legliz Jerizalèm nan (Tra. 12:17; 15:13; 1 Kor. 15:7; Gal. 2:9–12). Petèt se limenm ki te ekri epit Jak la.

Epit Jak la: Yon liv nan Nouvo Testaman an. Nan kòmansman an, se te yon lèt yo te voye bay douz tribi Izrayèl yo ki te dispèse lòtbò yo e ki te soti Jerizalèm. Epit la gen kèk pwen byen klè konsènan relijyon pratik, li genyen tou yon konsèy enpòtan nan chapit 1 an ki di konsa, si yon moun manke sajès, li ta dwe mande Bondye pou ede l (Jak 1:5–6; I—JS 1:9–20). Chapit 2 pale de lafwa ak zèv. Chapit 3–4 pale de nesèsite pou moun kontwole lang yo epi li avèti Sen yo pou youn pa pale lòt mal. Chapit 5 lan ankouraje Sen yo pou yo gen pasyans epi pou yo mande ansyen yo yon benediksyon lè yo malad; li anseye tou konsènan benediksyon ki genyen lè moun ede lòt moun konvèti.

Jak, pitit gason Alfe

Youn nan Douz Apot Jezi te chwazi pandan ministè terès Li a (Mat. 10:3; Mak 3:18; Lik 6:15; Tra. 1:13).

Jak, pitit gason Zebede

Youn nan Douz Apot Jezi te chwazi pandan ministè terès Li a. Li te frè Jan. Li te youn nan twa Apot Jezi te chwazi pou rete avèk li nan kèk okazyon espesyal: lè pitit fi Jayiris la (Mak 5:37), lè Transfigirasyon an (Mat. 17:1; Mak 9:2; Lik 9:28), epi nan Jetsemane (Mat. 26:37; Mak 14:33). Avèk Pyè ak Jan, li te retabli

Jakòb, pitit gason Izarak

Prètiz Mèlkisedèk la sou tè a lè yo te òdone Joseph Smith ak Oliver Cowdery (D&A 27:12; 128:20; I—JS 1:72).

Jakòb, pitit gason Izarak. *Gade tou nan Ezayu; Izarak; Izrayèl*

Yon pwofèt ak patriyach nan Ansyen Testaman an; pi piti nan de pitit gason marasa Izarak avèk Rebeka yo (Jen. 25:19–26). Jakòb te resevwa dwadenès la nan plas Ezayu. Se poutèt Jakòb te diy epi li te marye nan alyans lan, alòske Ezayu te meprize dwadenès li a epi li te marye deyò alyans lan (Jen. 25:30–34; 26:34–35; 27; 28:6–9; Ebre 12:16).

Senyè a te fè Rebeka konnen Ezayu pral sèvi Jakòb, **Jen.** 25:23. Te achte dwadenès la nan men Ezayu, **Jen.** 25:29–34. Te reve yon nechèl ki monte nan syèl la, **Jen.** 28. Te marye avèk Rachèl epi avèk Leya, **Jen.** 29:1–30. Te genyen douz pitit gason ak yon pitit fi, **Jen.** 29:31–30:24; 35:16–20. Te marye avèk Bila epi avèk Zilpa, **Jen.** 30:3–4, 9. Non l te chanje vin Izrayèl, **Jen.** 32:28. Te wè Bondye fasafas, **Jen.** 32:30. Te favorize Jozèf, **Jen.** 37:3. Te ale nan Ejipt avèk fanmi li, **Jen.** 46:1–7. Te beni pitit gason li yo ak desandan yo, **Jen.** 49. Te mouri, **Jen.** 49:33.

Te respektè kòmandman yo epi jodi a li egzalte sou yon twòn nan syèl la, nan konpayi Abraram ak Izarak, **D&A** 132:37.

Jakòb, pitit gason Leyi. *Gade tou nan Leyi, papa Nefi*

Yon pwofèt nan Liv Mòmòn an epi otè plizyè sèmon nan liv 2 Nefi a ak liv Jakòb la (2 Ne. 6–11; Jakòb 1–7).

Liv Jakòb la: Twazyèm liv nan Liv Mòmòn an. Chapit 1 an di konsa Nefi te transfere rejis yo bay Jakòb epi apre sa li te konsakre Jakòb ak Jozèf, frè l la, kòm prèt ak enstriktè pou sèvi pèp la. Chapit 2–4 se sèmon ki egzòte pèp la pou yo pwòp moralman. Jakòb te pale tou de yon Mesi ki t ap vini, epi li te bay rezon ki fè kèk moun nan Izrayèl pa t ap aksepte L lè L vini an. Chapit 5–6 gen temwayaj Jakòb ak konparezon pwofetik de istwa ak misyon pèp Izrayèl la. Chapit 7 gen istwa yon rebèl enstwi ki te rele

Cherèm, ki te akable anba temwayaj diven Jakòb la.

Jalou, jalouzi. *Gade tou nan Anvi*

Jan yo itilize l nan ekriti yo, mo *jalou* a gen de siyifikasyon: (1) lè yon moun gen vivasite, li gen santiman vif ak pwofon pou yon moun oubyen pou yon bagay, epi (2) lè yon moun anvye sò yon lòt oubyen li pè pou se pa yon lòt moun ki jwenn yon avantaj yon lòt pral gen kèk avantaj sou li.

Lè yon moun gen santiman fèm: Mwen menm Senyè a, m se yon Bondye jalou, **Egz.** 20:5 (Det. 5:9; 6:15; Mozya 11:22). M ap jalou pou non sen mwen an, **Ezek.** 39:25. M jalou pou Jerizalèm ak Siyon, **Zak.** 1:14.

Lè yon moun anvye oubyen sispèk: Jalouzi se raj yon moun, **Pwov.** 6:32–35.

Akich te kòmanse vin jalou kont pitit gason li a, **Etè** 9:7.

Depouye kò w jalouzi ak pèrèz, **D&A** 67:10.

Jan, pitit gason Zebede. *Gade tou nan Apokalips; Apot; Èt anlve; Levanjil yo; Prètiz Mèlkisedèk*

Youn nan Douz Apot nan Nouvo Testaman yo, yon pitit gason Zebede, epi yon frè Jak. Nan jenès li, li te yon pechè pwason (Mak 1:17–20). Pwobableman li se disip Janbatis la ki mansyone nan Jan 1:40 lan. Pi ta li te resevwa apèl pou l vin tounen yon disip Jezikri (Mat. 4:21–22; Lik 5:1–11). Li te ekri Levanjil Jan an, twa epit yo ak liv Apokalips la. Li te youn nan twa yo ki te ansanm avèk Senyè a lè pitit fi Jayiris la t ap leve a (Mak 5:35–42), sou Mòn Transfigirasyon (Mat. 17:1–9), epi nan Jetsemane (Mat. 26:36–46). Nan pwòp ekriti pa l li refere tèt li kòm disip Jezi te renmen an (Jan 13:23; 21:20) epi kòm “lòt disip” la (Jan 20:2–8). Jezi te rele limenm avèk frè li a Boanegès, “pitit gason loray yo” (Mak 3:17). Gen anpil referans konsènan li nan istwa Krisifiksyon ak Rezirèksyon an (Lik 22:8; Jan 18:15; 19:26–27; 20:2–8; 21:1–2). Pi ta yo te ekspedye Jan nan Patmòs, se la li te ekri liv Apokalips la (Apok. 1:9).

Yo masyone Jan souvan nan revelasyon dènye jou yo (1 Ne. 14:18–27; 3 Ne. 28:6; Etè 4:16; D&A 7; 27:12; 61:14; 77; 88:141). Pasaj sa yo konfime rejis bibliik Jan yo epi yo fè nou wè grandè l ak enpòtans travay Senyè a te ba li pou l fè sou tè a nan epòk Nouvo Testaman an ak nan dènye jou yo. Ekriti dènye jou yo klarifye Jan pa t mouri, men Bondye te pèmèt li rete sou tè a pou l egzèse yon ministè jis nan tan Dezyèm Vini Senyè a (Jan 21:20–23; 3 Ne. 28:6–7; D&A 7).

Epit Jan yo: Byenke moun ki ekri twa epit sa yo pa masyone non l, langaj la sanble tèlman avèk pa Apot Jan moun sipoze li ki te ekri tou lè twa.

1 Jan 1 egzòte Sen yo pou yo fratènize avèk Bondye. Chapit 2 a fè konnen Sen yo konnen Bondye avèk obeyisans epi li enstwi yo pou pa renmen mond lan. Chapit 3 a rele tout moun pou yo vin tounen pitit Bondye epi pou youn renmen lòt. Chapit 4 la esplike Bondye se lanmou epi li rete nan moun ki renmen L yo. Chapit 5 lan esplike Sen yo fèt nan Bondye akoz kwayans yo nan Kris.

2 Jan sanble avèk 1 Jan. Ladan l, Jan rejwi pou tèt fidelite pitit “madanm yo chwazi a.”

3 Jan rekòmande yon moun ki rele Gaiys pou fidelite l ak èd li bay moun ki renmen verite yo.

Levanjil Jan an: Nan liv sa a ki nan Nouvo Testaman an, Apot Jan temwaye ke (1) Jezi se Kris la oubyen Mesi a (2) Jezi se Pitit Gason Bondye a (Jan 20:31). Sèn li dekri nan lavi Jezi yo seleksyone avèk swen epi yo ranje pou objektif sa a. Liv la kòmanse avèk yon deklarasyon konsènan pozisyon Kris la nan egzistans pre-mòtèl: Li te avèk Bondye, Li te Bondye, epi Li te kreyatè tout bagay. Li te fèt nan lachè kòm Sèl Pitit Gason Literal Papa a. Jan trase istwa ministè Jezi, Li mete anpil aksan sou divinite L ak rezirèksyon L pami mò yo. Li afime klèman ke Jezi se Pitit Gason Bondye, epi mirak yo, temwen yo, pwofèt ak vwa Kris la limenm te ateste afimasyon an. Jan opoze limyè ak tenèb, verite ak erè, byen ak mal, Bondye ak dyab la pou l anseye. Petèt, pa gen

okenn lòt istwa ki deklare sentete Jezi ak enfidelite dirijan Juif yo pi klè.

Jan te ekri prensipalman konsènan ministè Kris la nan Jideya, sitou dènye semèn ministè mòtèl Li a, tandiske Matye, Mak, ak Lik te ekri prensipalman konsènan ministè L nan Galile. Revelasyon dènye-jou yo klarifye plizyè pwèn nan Levanjil sa a (D&A 7 ak D&A 88:138–141).

Pou yon lis sou evènman nan lavi Sovè a yo dekri nan Levanjil Jan an, gade Amoni levanjil yo nan apendis la.

Liv Apokalips la: Gade nan Apokalips

Janbatis. *Gade tou nan Elyas; Prètriz Aawon an*

Pitit gason Zakari ak Elizabèt la nan Nouvo Testaman an. Yo te voye Jan pou l te prepare pèp la pou yo te resevwa Mesi a (Jan 1:19–27). Li te gen kle Prètriz Aawon an e li te batize Jezikri.

Ezayi ak lòt moun te pwofetize konsènan misyon Jan, **Eza.** 40:3 (Mal. 3:1; 1 Ne. 10:7–10; 2 Ne. 31:4).

Yo te mete l nan prizon epi yo te koupe tèt li, **Mat.** 14:3–12 (Mak 6:17–29). Gabriyel te anonse nesans Jan ak ministè Zakari, **Lik** 1:5–25. Jezi te anseye pou fè konnen Janbatis te yon gran pwofèt, **Lik** 7:24–28. Te rekonèt Jezi kòm Pitit Gason Bondye a, **Jan** 1:29–34. Disip Jan yo te vin tounen disip Jezi, **Jan** 1:25–29, 35–42 (Tra. 1:21–22). Pa t fè okenn mirak, **Jan** 10:41.

Kòm yon èt resisite, yo te voye l pou l òdone Joseph Smith ak Oliver Cowdery nan Prètriz Aawon an, **D&A** 13 (D&A 27:7–8; 1—JS 1:68–72). Te resevwa òdinasyon nan men yon zanj lè li te gen ywit jou, **D&A** 84:28.

Janti yo

Jan yo itilize l nan ekriti yo, *Janti* gen plizyè siyifikasyon. Kèk fwa li deziye pèp ki pa nan liyaj Izrayelit, kèk fwa pèp ki pa nan liyaj Juif, e kèk fwa nasyon ki pa gen levanjil la, menm si kapab gen san Izrayelit nan pami pèp la. Dènye itilizasyon sa a li espesyalman montre mo a jan yo itilize l nan Liv Mòmmon an ak Doktrin ak Alyans yo.

Jarèd

Izrayelit yo pa t dwe marye avèk moun ki pa Izrayelit (Janti yo), **Det.** 7:1–3. Senyè a t ap vini pou l yon limyè pou Janti yo, **Eza.** 42:6.

Pyè te resevwa kòmmandman pou l pote levanjil la bay Janti yo, **Tra.** 10:9–48. Bondye te akòde Janti yo repantans tou, **Tra.** 11:18. Nou batize nan yon sèl legliz la, menm si nou se Juif oubyen Janti, **1 Kor.** 12:13. Janti yo ta dwe disip Kris nan levanjil la, **Efe.** 3:6.

Liv Mòmmon an te ekri pou Janti yo, **tit paj Liv Mòmmon an** (Mòm. 3:17). Yon nonm nan pami Janti yo te ale sou lanmè a, **1 Ne.** 13:12. Lòt liv te soti nan men Janti yo, **1 Ne.** 13:39. Plenitid levanjil la ap vin jwenn Janti yo, **1 Ne.** 15:13 (3 Ne. 16:7; D&A 20:9). Tè sa ap yon tè libète pou Janti yo, **2 Ne.** 10:11. Janti yo se konparezon yon pye oliv sovaj, **Jakòb** 5.

Levanjil la pral parèt nan tan Janti yo, **D&A** 45:28 (D&A 19:27). Pawòl la prale nan kwen tè a, pou Janti yo premyèman, epi apre sa pou Juif yo, **D&A** 90:8–10. Swasanndis yo dwe vinn temwen espesyal pou Janti yo, **D&A** 107:25. Voye anyen nan legliz mwen yo pou rele tout nasyon, premyèman Janti yo, apre sa Juif yo, **D&A** 133:8.

Jarèd. *Gade tou nan Jarèd, frè; Jaredit yo*

Nan Liv Mòmmon an, yon dirijan, ansanm avèk frè li a, ki te dirije yon gwoup moun soti nan Toudebabèl la ale sou yon tè pwomiz nan emisfè lwès la (Etè 1:33–2:1).

Jarèd te mande frè li pou l priye pou Senyè a pa konfonn lang fanmi yo ak zanmi yo, **Etè** 1:34–37. Te vwayaje sou lanmè a epi te rete la pandan kat ane, **Etè** 2:13. Te pran bato pou ale nan tè pwomiz la, **Etè** 6:4–12.

Jarèd, frè. *Gade tou nan Jarèd; Jaredit yo*

Yon pwofèt Liv Mòmmon an. Limenm ak frè l la te fonde nasyon Jaredit la lè yo te dirije yon gwoup moun soti nan Toudebabèl la pou ale sou yon tè pwomiz nan emisfè lwès la (Etè 1–6). Li te yon nonm ki tèlman te gen anpil lafwa, li te pale

avèk Senyè a fasafas (D&A 17:1). Yo rapòte istwa l nan liv Etè a.

Frè Jarèd la te gran nonm fò, epi Senyè a te favorize l anpil, **Etè** 1:34. Poutèt lafwa li, frè Jarèd la te wè dwèt Senyè a, **Etè** 3:6–9 (Etè 12:20). Kris la te montre frè Jarèd la kò lespri l, **Etè** 3:13–20. Pa t janm gen bagay pi gran ki te manifeste devan frè Jarèd la, **Etè** 4:4. Frè Jarèd la te avèti pèp li a kont monachi, **Etè** 6:22–23. Senyè a te montre frè Jarèd la tout bagay, **Etè** 12:21. Frè Jarèd la te fò nan ekri, **Etè** 12:24. Avèk lafwa, frè Jarèd la te deplase mòn Zeren an, **Etè** 12:30.

Jaredit yo. *Gade tou nan Jarèd; Jarèd, frè; Liv Mòmmon*

Pèp nan Liv Mòmmon an ki te desandan Jarèd, frè l la ak zanmi yo, (Etè 1:33–41). Bondye te dirije yo soti nan Toudebabèl la pou ale nan Amerik yo, yon tè pwomiz (Etè 1:42–43; 2–3; 6:1–18). Byenke yon lè nasyon yo a te gen yon pakèt milyon moun, yo tout te detwi anba lagè sivil mechanste te pote (Etè 14–15).

Jawòm

Nan Liv Mòmmon an, yon pitit gason Enòs epi yon pitit pitit pitit gason Leyi. Li te kenbe rejis Nefit yo pandan 60 ane, 420–361 ANVAN JEZIKRI (Enòs 1:25; Jawòm 1:13). Li te yon nonm fidèl ki te chwazi pou l pa ekri anpil nan rejis istorik la (Jawòm 1:2).

Liv Jawòm nan: Gen sèlman 15 vèsè nan liv sa ki nan Liv Mòmmon an. Jawòm te fè konnen Nefit yo te kontinye pratike lwa Moyiz la epi yo te espere Kris ki t ap vini an. Se te yon seri Wa pisan ki te gen anpil lafwa ki t ap dirije yo te moun fò ki fidèl. Yo te pwospere lè yo te koute pwofèt yo, prèt yo ak enstriktè yo.

Je, Je yo

Nan ekriti yo, yo itilize je souvan kòm senbòl abilte yon moun pou l resevwa limyè Bondye. Senbolikman, je yon moun montre kondisyon espirityèl ak yon konpreyansyon bagay Bondye.

Kòmmandman Senyè a pi, li klere je,

Sòm 19:8. Moun ensanse gen je epi li pa wè, **Jer.** 5:21 (Mak 8:18).

Limyè kò a se je a, **Mat.** 6:22 (Lik 11:34; 3 Ne. 13:22; D&A 88:67). Je w yo beni paske yo wè, **Mat.** 13:16. Je konpreyansyon w pral eklere, **Efe.** 1:17-18.

Malè yon moun ki saj devan je pa l, **2 Ne.** 15:21 (Eza. 5:21). Yo te kòmanse jene, priye pou je pèp la te kapab louvri, **Mozya** 27:22. Satan te avegle je yo, **3 Ne.** 2:2. Pèsonn pa kapab gen pouvwa pou fè Liv Mòmmon an parèt, san li pa gen je fikse sou glwa Bondye, **Mòm.** 8:15.

Ak pouvwa Lespri a je nou te louvri epi konpreyansyon nou te eklere, **D&A** 76:12. Limyè a nan moun ki eklere je nou an, **D&A** 88:11. Si je w fikse sou glwa m, tout kò w ap chaje ak limyè, **D&A** 88:67.

Jedeon (Ansyen Testaman)

Yon dirijan ki te delivre Izrayèl anba men Madyanit yo (Jij 6:11-40; 7-8).

Jedeon (Liv Mòmmon)

Yon dirijan Nefit ki te fidèl.

Te yon nonm fò epi yon ènmi Wa Noye, **Mozya** 19:4-8. Te fè konferans avèk Wa Limi, **Mozya** 20:17-22. Te pwopoze yon plan pou chape anba esklavaj Lamanit, **Mozya** 22:3-9. Neyò te touye l, **Alma** 1:8-10.

Jeneyaloji. *Gade tou nan* Batèm,

batize—Batèm pou mò yo; Fanmi; Liv rapèl; Ôdonans yo—Ôdonans pa pwokirasyon; Sali; Sali pou mò

Yon rejis ki suiv liy desandans nan yon fanmi. Kote ofis prèttriz la oubyen kèk benediksyon te resève pou yon fanmi patikilye, jeneyaloji te trè enpòtan nan ekriti yo (Jen. 5; 10; 25; 46; 1 Kwo. 1-9; Esd. 2:61-62; Ney. 7:63-64; Mat. 1:1-17; Lik 3:23-38; 1 Ne. 3:1-4; 5:14-19; Jawòm 1:1-2). Nan Legliz retabli a jodi a, manm Legliz yo kontinye ap chèche liy desandans fanmi yo, youn nan rezon yo, se pou yo kapab byen idantifye zansèt ki te mouri yo epi pou yo kapab akonpli ôdonans pou sove pou zansèt sa yo. Ôdonans sa yo valab pou moun mouri ki aksepté

levanjil Jezikri a nan mond espri a (D&A 127-128).

Jenèz. *Gade tou nan* Pantatèk

Liv Jenèz la se premye liv nan Ansyen Testaman an epi se pwofèt Moyiz ki te ekri l. Li bay istwa anpil kòmansman, tankou kreyasyon tè a, plasman bèt yo ak lòm sou tè a, Chit Adan ak Èv la, lè Adan te resevwa revelasyon levanjil la, kòmansman tribi yo ak ras yo, orijin yon pakèt lang nan Babèl, ak kòmansman fanmi Abraram nan ki te mennen nan tablisman kay Izrayèl la. Nan Jenèz, yo ensiste sou wòl Jozèf kòm pwotektè Izrayèl.

Revelasyon dènye jou a revele epi yo klarifye rejis Jenèz la (1 Ne. 5; Etè 1; Moyiz 1-8; Abr. 1-5).

Nan liv Jenèz la, chapit 1-4 rakonte kreyasyon mond lan ak devlopman fanmi Adan an. Chapit 5-10 rakonte istwa Noye. Chapit 11-20 pale de Abraram ak fanmi l jis nan tan Izarak la. Chapit 21-35 suiv fanmi Izarak la. Chapit 36 pale de Ezayu ak fanmi l. Chapit 37-50 pale de fanmi Jakòb epi li bay istwa Jozèf ke yo te vann nan peyi Ejipt ak wòl li nan sove kay Izrayèl la.

Jeremi. *Gade tou nan* Lamantasyon, liv

Yon pwofèt Ansyen Testaman ki te fèt nan yon fanmi prèt epi ki te pwofetize nan Jida depi pou 626 rive nan 586 ANVAN JEZIKRI. Li te viv prèske nan menm epòk avèk kèk lòt gran pwofèt: Leyi, Eze-kyèl, Oze, ak Danyèl.

Jeremi te resevwa ôdinasyon pou l yon pwofèt nan lavi premòtèl la (Jer. 1:4-5). Pandan anviwon karant ane li yo kòm pwofèt li te preche kont idolatri ak imoralite pami pèp Juif la (Jer. 3:1-5; 7:8-10). Li te oblije fè fas avèk opozisyon epi avèk ensil tout tan (Jer. 20:2; 36:18-19; 38:4). Apre chit Jerizalèm lan, Juif ki te sove ale nan Ejipt yo te ale avèk Jeremi (Jer. 43:5-6), dapre tradisyon, se la yo te ba l kout wòch jistan l mouri.

Liv Jeremi an: Chapit 1-6 gen pwofesi ki te fèt pandan gouvènman Jozyas la. Chapit 7-20 se pwofesi pandan epòk Jojakim

Jeriko

nan. Chapit 21–38 pale konsènan gouvenman Sedesyas. Chapit 39–44 gen pwofesi epi yo dekri evènman istorik ki te rive apre chit Jerizalèm lan. Chapit 45 gen pwomès pou Barik, yon eskrib lavi ke li t ap pwoteje lavi l. Finalman, chapit 46–51 se pwofesi kont nasyon etranje yo. Chapit 52 a se yon konklizyon istorik. Te gen kèk nan pwofesi Jeremi yo nan Plak deren Laban yo, Nefi te pwoteje a (1 Ne. 5:10–13). Non Jeremi te mansyone de lòt fwa nan Liv Mòmou (1 Ne. 7:14; Ela. 8:20).

Liv Jeremi an genyen tou yon rekonesans konsènan ekzistans premòtèl lèzòm ak preòdinasyon Jeremi (Jer. 1:4–5); yon pwofesi konsènan retou Izrayèl ki gen poul soti nan kondisyon dispèsyon yo, rasanbleman yon moun vil ak de moun yon fanmi pou yo ale nan Siyon, yon peyi agreyab kote Izrayèl ak Jida ta kapab rete nan sekirite ak nan lapè (Jer. 3:12–19); epi yon pwofesi kote Senyè a k ap rasanble Izrayèl pou l soti kite peyi nò yo pandan l ap voye anpil “pechè pwason” ak “chase” al chèchè yo (Jer. 16:14–21). Evenman sa a ki gen pou l rive nan dènye jou yo ap menm pi gran nan kantite pase lè Moyiz te wete Izrayèl nan Ejipt la (Jer. 16:13–15; 23:8).

Jeriko

Yon vil ki te antoure ak mi nan vale Jouden an, 800 pye (245 mè) anba nivo lanmè. Jeriko pre kote Izrayelit yo te travèse rivyè a lè yo te fèk antre nan tè pwomiz la (Joz. 2:1–3; 3:16; 6).

Izrayelit yo te fè yon batay nan Jeriko, **Joz.** 6:1–20. Jozye te plase yon maledikasyon sou Jeriko, **Joz.** 6:26 (1 Wa 16:34). Jeriko te nan teritwa Benjamen te resevwa a, **Joz.** 18:11–12, 21.

Senyè a te vizite Jeriko nan dènye vwayaj li te fè nan Jerizalèm nan, **Mak** 10:46 (Lik 18:35; 19:1).

Jerizalèm

Yon vil nan Izrayèl modèn nan. Se vil ki pi enpòtan nan istwa bibliik. Kèk nan kote ki pi sakre pou Kretyen, Juif, ak Mizilman yo se nan vil sa a epi anpil

kwyan fidèl vizite yo regilyèman. Yo referè l souvan yo rele l vil sen an.

Yon lè yo te rele l Salèm (Jen. 14:18; Sòm 76:2), Jerizalèm te yon vil Jebizyen jistan David te pran l epi (Joz. 10:1; 15:8; 2 Sam. 5:6–7), fè l tounen kapital pa l. Anvan lè sa a, li te sèvi plis kòm yon fò sou yon mòn, anviwon 2600 pye (800 mè) anlè nivo lanmè a. Li antoure avèk vale fon tout alantou eksepte nan nò.

Pandan rèy Wa David nan Jerizalèm, li te rete nan yon palè an bwa. Sepandan, pandan rèy Salomon an, pèp la te fè anpil bagay pou yo anbeli vil la, epi yo te konstwi palè wa a ak tanp la.

Apre wayòm Izrayèl yo ak wayòm Jida a te fin divize, Jerizalèm te rete kòm kapital Jida. Lame anvayisè te atake l souvan (1 Wa 14:25; 2 Wa 14:13; 16:5; 18–19; 24:10; 25). Sou Ezekyas Jerizalèm te vin tounen sant adorasyon relijye men yon pati ladan l te detwi an 320 ANVAN JEZIKRI, 168 ANVAN JEZIKRI, ak 65 ANVAN JEZIKRI, Ewòd te rebati miray yo ak tanp la, men nan 70 APRE JEZIKRI, Women yo te detwi l nèt.

Mèlkisedèk te wa Salèm, **Jen.** 14:18 (Ebre 7:1–2). Ezayi te mande Jerizalèm pou l mete bèl rad sou li, **Eza.** 52:1. Pawòl Senyè a te gen pou l soti nan Jerizalèm, **Miche** 4:2.

Kris te lamante sou sò Jerizalèm, **Mat.** 23:37–39 (Lik 13:34). Jerizalèm se vil Bondye vivan an, **Ebre** 12:22.

Jerizalèm te gen pou l detwi si l pa repanti, **1 Ne.** 1:4, 13, 18 (2 Ne. 1:4; Ela. 8:20). Moun pral abite nan Jerizalèm ankò apre destriksiyon, **3 Ne.** 20:46. Jerizalèm pral rebati, **Etè** 13:5.

Kris avèti Sen nan Dènye jou yo menm jan li te avèti pèp Jerizalèm nan, **D&A** 5:20. Moun Jida yo pral kouri ale nan Jerizalèm, **D&A** 133:13. Senyè a pral pale nan Jerizalèm, **D&A** 133:21.

Jerizalèm, Nouvo. *Gade nan Nouvo Jerizalèm; Siyon*

Jeroubaal. *Gade tou nan Jedeon (Ansyen Testaman)*

Yon non yo te bay Jedeon nan Ansyen

Testaman an apre l te fin detwi lotèl Baal la (Jij 6:32; 7:1; 9; 1 Sam. 12:11).

Jetsemane. *Gade tou nan* Ekspyasyon, ekspye; Mòn Olivye a

Yon jaden Nouvo Testaman an di, ki te pre Mòn Olivye a. Nan lang Aramik la, mo *Jetsemane* a siyifi “près pou oliv”. Jezi te ale nan jaden an nan nuit jou Jida te trayi L la. Li te priye la epi Li te soufri nan Jetsemane pou peche limanite (Mat. 26:36, 39; Mak 14:32; Jan 18:1; Alma 21:9; D&A 19:15–19).

Jetwo. *Gade tou nan* Moyiz

Yon prens nan Ansyen Testaman epi prèt Madyan ki te bay Moyiz kote pou l rete apre l te kite Ejjip. Li te rele tou Re-iyèl (Egz. 2:18). Pita Moyiz te marye ak pitit fi Jetwo Sefora (Egz. 3:1; 4:18; 18:1–12). Jetwo te anseye Moyiz pou l te ka ranplase l (Egz. 18:13–27). Moyiz te resevwa Prètriz Mèlkisedèk nan men Jetwo (D&A 84:6–7).

Jewobowam

Nan Ansyen Testaman an, Jewobowam se te premye wa nan pati nò Izrayèl ki te divize a. Li te yon manm nan tribi Efrayim nan. Jewobowam, mechan an te dirije yon rebelyon kont kay Jida a ak fanmi David la.

Jewobowam te tabli idòl pou pèp la adore nan Dan ak Betèl, **1 Wa** 12:28–29. Akija te reprimande Jewobowam, **1 Wa** 14:6–16. Yo te sonje Jewobowam paske li te pote yon peche tèrib bay Izrayèl, **1 Wa** 15:34 (1 Wa 12:30).

Jewova. *Gade tou nan* Jezikri; MWENMENM

Non alyans oubyen non pwòp Bondye Izrayèl la. Li demontre “MWENMENM etènèl la” (Egz. 3:14; Jan 8:58). Jewova se Jezikri premòtèl la e li te vin sou tè a kòm yon pitit gason Mari (Mozya 3:8; 15:1; 3 Ne. 15:1–5). Òdinèman lè mo Senyè a parèt nan Ansyen Testaman an, li siyifi “Jewova.”

Jewova se Kris: Ansyen pwofèt yo te konnen Jewova (Egz. 6:3; Abr. 1:16). Apot

Pòl te anseye Kris se te Jewova Ansyen Testaman an (Egz. 17:6; 1 Kor. 10:1–4). Frè Jarèd la nan Liv Mòmmon an te wè Kris premòtèl la e li te adore L (Etè 3:13–15). Mowoni tou te rele Kris la “Jewova” (Mowo. 10:34). Nan Tanp Kirtland nan, Joseph Smith ak Oliver Cowdery te wè rezireksyon Jewova a (D&A 110:3–4).

Jezebèl. *Gade tou nan* Akab

Yon fi mechan nan Ansyen Testaman an ki te soti nan peyi Fenisi la. Li te madanm Akab (1 Wa 16:30–31), yon wa Izrayèl ki te reye pandan Eli te pwofèt.

Maryaj Jezebèl avèk Akab la, plis pase okenn lòt evènman, te lakoz dekadans wayòm nò Izrayèl la; Jezebèl te vini avèk pi move fòm adorasyon idòl ki soti nan peyi l la nan Izrayèl. nan plas adorasyon Jewova (1 Wa 18:13, 19).

Jezebèl te touye anpil nan pwofèt Bondye yo, **1 Wa** 18:4. Jezebèl te eseye touye Eli, **1 Wa** 19:1–3. Mechanste Jezebèl yo te fini avèk lanmò terib li, **2 Wa** 9:30–37.

Jezikri. *Gade tou nan* Alfa ak Omega; Asansyon; Avoka; Bon Bèje; Bondye, Divinite; Chemen; Chit Adan ak Èv; Dezyèm Vini Jezikri; Diskou sou mòn nan; Dlo Vivan; Ekspyasyon, ekspye; Emanyèl; Gòlgota; Gras; Jewova; Kòmansman; Konsolatè; Konsyans; Kreyasyon, kreye; Krisifiksyon; Kwa; Lafwa; Lemarye; Levanjil yo; Liberatè; Limyè, limyè Kris; Mari, manman Jezi; Medyatè; Mesi; MWENMENM; Pen Lavi a; Pitit gason lòm nan; Pitit literal; Plan redanmsyon; Premye ne, premyene; Redanmtè; Redanmtè, restablisman, redanmsyon; Remisyon peche yo; Repantans, repanti; Rezirèksyon; Sakrifis; San; San finisman; Sentsèn; Senyè a; Sèpan eren; Sovè; Ti mouton Bondye; Transfigirasyon—Transfigirasyon Kris la; Wen An; Wòch; Wòch-fondasyon

Kris (yon mo Grèk) ak *Mesi* (yon mo Ebre) vledi “wen an.” Jezikri se Premyene lespri Papa a (Ebre 1:6; D&A 93:21). Li se Sèl Pitit Literal Papa a nan

Jezikri

lachè (Jan 1:14; 3:16). Li se Jewova (D&A 110:3–4) epi Li te preòdone nan gran apèl Li a anvan kreyasyon mond lan. Sou direksyon Papa a, Jezi te kreye tè a avèk tout sa ki sou li (Jan 1:3, 14; Moyiz 1:31–33). Mari te fè L nan Bètleyèm, Li te viv yon lavi san peche, epi Li te fè yon eks-pyasyon pafè pou peche tout limanite lè san L te koule ak lè L te bay lavi L sou kwa a (Mat. 2:1; 1 Ne. 11:13–33; 3 Ne. 27:13–16; D&A 76:40–42). Li te leve pami mò yo, konsa Li te asire rezirèksyon final pou tout limanite. Gras a Ekspyasyon ak Rezirèksyon Jezi a, moun ki repanti nan peche yo epi ki obeyi kòmandman Bondye yo kapab viv etènèlman avèk Jezi ak Papa a (2 Ne. 9:10–12; 21–22; D&A 76:50–53, 62).

Jezikri se pi gran Èt vivan ki te fèt sou tè sa a. Lavi Li se yon egzanp pafè ki montre kòman tout limanite ta dwe viv. Tout priyè, tout benediksyon ak tout òdonans prètèriz ta dwe fèt nan non L. Li se Senyè tout Senyè yo, Wa tout wa yo, Kreyatè, Sovè, ak Bondye tout tè a.

Jezikri pral retounen sou tè a ankò nan pouvwa ak laglwa pou L reye sou tè a pandan Milenyòm nan. Nan dènye jou a, L ap jije tout limanite (Alma 11:40–41; M—JS 1).

Rezime lavi l (nan lòd siksesif): Pre-diksyon nesans ak misyon Jezi te fèt, **Lik 1:26–38** (Eza. 7:14; 9:6–7; 1 Ne. 11). Te fèt, **Lik 2:1–7** (Mat. 1:18–25). Te sikonsi, **Lik 2:21**. Te prezante nan tanp, **Lik 2:22–38**. Wa maj yo te vizite l, **Mat. 2:1–12**. Jozèf ak Mari te sove ale nan Ejipt avèk li, **Mat. 2:13–18**. Yo te mennen li Nazarèt, **Mat. 2:19–23**. Te vizite tanp lan lè l te gen douz ane, **Lik 2:41–50**. Te gen frè ak sè, **Mat. 13:55–56** (Mak 6:3). Te batize, **Mat. 3:13–17** (Mak 1:9–11; Lik 3:21–22). Dyab la te tante l, **Mat. 4:1–11** (Mak 1:12–13; Lik 4:1–13). Te chwazi disip li yo, **Mat. 4:18–22** (Mat. 9:9; Mak 1:16–20; 2:13–14; Lik 5:1–11, 27–28; 6:12–16; Jan 1:35–51). Te otorize Douz yo, **Mat. 10:1–4** (Mak 3:13–19; Lik 6:12–16). Te fè Diskou sou mòn nan, **Mat. 5–7**. Te predi lanmò pa l ak rezirèksyon l, **Mat. 16:21** (Mat. 17:22–23; 20:17–19; Mak

8:31; 9:30–32; 10:32–34; Lik 9:22; 18:31–34). Te transfigire, **Mat. 17:1–9** (Mak 9:2–8; Lik 9:28–36). Te voye Swasann-dis yo, **Lik 10:1–20**. Te antre nan Jerizalèm avèk triyonf, **Mat. 21:1–11** (Mak 11:1–11; Lik 19:29–40; Jan 12:12–15). Te tabli sentsèn nan, **Mat. 26:26–29** (Mak 14:22–25; Lik 22:19–20). Te soufri epi te priye nan Jetsemann, **Mat. 26:36–46** (Mak 14:32–42; Lik 22:39–46). Yo te trayi l, yo te arete l, epi yo te abandone l, **Mat. 26:47–56** (Mak 14:43–53; Lik 22:47–54; Jan 18:2–13). Yo te krisifye l, **Mat. 27:31–54** (Mak 15:20–41; Lik 23:26–28, 32–49; Jan 19:16–30). Te resisite, **Mat. 28:1–8** (Mak 16:1–8; Lik 24:1–12; Jan 20:1–10). Te parèt apre rezirèksyon l, **Mat. 28:9–20** (Mak 16:9–18; Lik 24:13–48; Jan 20:11–31; Tra. 1:3–8; 1 Kor. 15:5–8). Te monte nan syèl, **Mak 16:19–20** (Lik 24:51–53; Tra. 1:9–12).

Parèt devan Nefit yo, **3 Ne. 11:1–17** (3 Ne. 11–26).

Te parèt devan Joseph Smith, **I—JS 1:15–20**.

Aparisyon Kris la apre lanmò l: Lè Jezi te resisite, li te parèt devan Mari, **Mak 16:9** (Jan 20:11–18). Jezi te mache epi li te pale avèk de nan disip li yo sou wout Emayis la, **Lik 24:13–34**. Jezi te parèt devan Apot yo, yo te manyen men l yo ak pye l yo, **Lik 24:36–43** (Jan 20:19–20). Jezi te parèt devan Toma, **Jan 20:24–29**. Jezi te parèt devan disip yo bò lanmè Tiberyas la, **Jan 21:1–14**. Jezi te administre pou karant jou apre rezirèksyon l, **Tra. 1:2–3**. Etyèn te wè Jezi kanpe bò kote dwat Bondye, **Tra. 7:55–56**. Jezi te parèt devan Sayil, **Tra. 9:1–8** (TJS, Tra. 9:7; Tra. 26:9–17). Plis pase 500 moun te wè Kris la, **1 Kor. 15:3–8**.

Jezikri te fè pèp Nefi a wè l, **3 Ne. 11:1–17**. 2500 moun te wè epi yo te tandè Jezi, **3 Ne. 17:16–25**. Senyè a te vizite Mòmmon, **Mòm. 1:15**.

Joseph Smith ak Sidney Rigdon te wè Jezi bò kote dwat Bondye, **D&A 76:22–23**. Joseph Smith ak Oliver Cowdery te wè Senyè a nan Tanp Kirtland nan, **D&A 110:1–4**.

Joseph Smith te wè Jezi, **I—JS 1:15–17**.

Egzanp Jezikri: M te ba w yon egzanp, **Jan** 13:15. M se chemen an, verite a ak lavi a, **Jan** 14:6. Kris la te soufri tou pou nou, li te kite yon egzanp, pou w suiv tras la, **1 Pyè** 2:21.

Si yon moun pa suiv egzanp Pitit Gason Bondye vivan an, li pa kapab sove, **2 Ne.** 31:16. M ta vle w vin pafè menm jan avèk mwen, **3 Ne.** 12:48. Se sa pou w fè, menm jan m te fè a, **3 Ne.** 18:6. M te trase yon egzanp pou ou, **3 Ne.** 18:16. Zèv ou te wè m fè a, se li w dwe fè tou, **3 Ne.** 27:21, 27. Vrè disip Jezikri y ap menm jan avèk li, **Mowo.** 7:48.

Egzistans Premòtèl Kris la: Senyè a te parèt devan Abram, **Jen.** 12:7 (Jen. 17:1; 18:1; Abr. 2:6–8). Senyè a te pale avèk Moyiz fasafas, **Egz.** 33:11 (Det. 34:10; Moyiz 1:1–2). M te wè Senyè a kanpe sou lotèl la, **Amòs** 9:1.

Nan kòmansman, Pawòl la te avèk Bondye. Epi Pawòl la te gen yon kò, epi li te rete nan pami nou, **Jan** 1:1, 14 (1 Jn. 1:1–3). Anvan Abraram te fèt m te egziste, **Jan** 8:58. Glorifye m avèk glwa m te genyen avè w anvan mond lan te egziste, **Jan** 17:5.

Ezayi te wè Redanmtè mwen an tout bon menm jan mwenmenm ak frè m nan, Jakòb te wè l la, **2 Ne.** 11:2–3. Demen m ap vin nan mond lan, **3 Ne.** 1:12–14. Kris te egziste anvan mond lan kòmansè, **3 Ne.** 26:5 (Jan 6:62). Menm jan m parèt devan w nan se konsa m pral parèt devan pèp mwen an avèk kò m, **Etè** 3:14–17.

Enòk te wè Senyè a epi l te mache avèk li, **D&A** 107:48–49.

Pitit Gason Byenneme m nan, ki te Byenneme m nan epi ki te Chwazi depi nan kòmansman, **Moyiz** 4:2. Senyè a te di: Kiyès m ap voye? Epi youn te reponn tankou Pitit Gason Lòm nan: Men mwen, voye m, **Abr.** 3:27.

Glwa Jezikri: Glwa Senyè a te ranpli tabènak la, **Egz.** 40:34–38. Tout tè a ranpli avèk glwa li, **Eza.** 6:3 (2 Ne. 16:3). Glwa Senyè a leve sou ou, **Eza.** 60:1–2.

Pitit Gason Lòm nan pral vini nan glwa Papa l, **Mat.** 16:27. Glorifye m avèk glwa m te genyen avè w anvan mond lan te kreye a, **Jan** 17:5.

Sen Izrayèl la dwe gouvène avèk gran glwa, **1 Ne.** 22:24. Nou te gen espwa nan glwa li, **Jakòb** 4:4. Pitit Gason Bondye a ap vini nan glwa li, **Alma** 5:50. Li te esplike tout bagay, depi nan kòmansman jis nan tan pou l te vini nan glwa li a, **3 Ne.** 26:3.

Apot mwen yo pral abiye avèk glwa menm jan avèk mwen, **D&A** 29:12 (D&A 45:44). Nou te wè glwa Pitit Gason bò kote dwat Papa a, **D&A** 76:19–23. Jan te wè plenitid glwa mwen epi li te rann temwayaj, **D&A** 93:6 (Jan 1:14). Aparans li te pi klere pase limyè solèy la, **D&A** 110:3.

Glwa li te sou mwen, epi m te wè figi l, **Moyiz** 1:1–11. Se travay mwen ak glwa mwen, **Moyiz** 1:39.

Gouvènman Milenyòm Kris la: Gouvènman an pral sou zèpòl li, **Eza.** 9:6 (2 Ne. 19:6). Senyè a te di konsa, m pral rete nan pami w, **Zak.** 2:10–12 (Zak. 14:9).

Bondye pral bay Jezi twòn papa li a, David, **Lik** 1:30–33. Kris la pral gouvène pou tout tan, **Apok.** 11:15. Sen yo pral gouvène avèk Kris la pandan mil ane, **Apok.** 20:4 (D&A 76:63).

Poutèt jistis pèp la, Satan p ap gen pouvwa, **1 Ne.** 22:26 (Apok. 20:1–3).

M pral rete nan jistis avèk lèzòm pandan mil ane sou tè a, **D&A** 29:11 (D&A 43:29–30). Soumèt ou anba pouvwa ki tabli yo, jistan moun ki gen dwa pou l gouvène a vin gouvène, **D&A** 58:22 (1 Kor. 15:25).

Kris la pral gouvène pèsònèlman sou tè a, **AL** 1:10 (Eza. 32:1).

Jij: Li pral jije mond lan nan jistis, **Sòm** 9:8 (3 Ne. 27:16). L ap vini pou jije tè a, **Sòm** 96:13. Bondye pral jije jis yo ak mechan yo, **Ekl.** 3:17. Li pral jije nan pami nasyon yo, **Eza.** 2:4 (Miche 4:3; 2 Ne. 12:4). Li pral jije pòv yo avèk jistis, **Eza.** 11:2–4.

Papa a te remèt tout jijman nan men Pitit Gason an, **Jan** 5:22. Si m jije, jijman mwen an se verite, **Jan** 8:16. Bondye te òdone l pou l tounen Jij vivan yo ak mò yo, **Tra.** 10:42 (2 Tim. 4:1). Bondye pral delege Jezikri pou jije sekrè lèzòm, **Wom.** 2:16. Nou tout pral kanpe devan fotèy

Jezikri

jijman Kris la, **Wom.** 14:10 (2 Kor. 5:10; Alma 12:12; Mòm. 3:20; 7:6; Etè 12:38; D&A 135:5).

Tout moun vin devan Bondye pou l jije yo daprè verite ak sentete ki nan li, **2 Ne.** 2:10. Kanpe devan Bondye pou l jije w daprè zèv ou yo, **Alma** 5:15 (Alma 12:15; 33:22; 3 Ne. 27:14).

Bondye ak Kris la se jij tout moun, **D&A** 76:68.

Otorite: Gouvènman an pral sou zèpòl li, **Eza.** 9:6 (2 Ne. 19:6).

Jezi te preche tankou yon moun ki gen otorite, **Mat.** 7:28–29 (Mak 1:22). Pitit Gason Lòm nan gen pouvwa sou tè a pou l padone peche, **Mat.** 9:6. Jezi te kòmande lespri sal yo avèk otorite epi yo te obeyi l, **Mak** 1:27 (Lik 4:33–36). Jezi te òdone douz pou yo gen pouvwa, **Mak** 3:14–15. Pawòl Jezi te avèk pouvwa l, **Lik** 4:32. Papa te remèt tout jijman nan men Pitit Gason an, **Jan** 5:22, 27. Bondye te wen Jezi avèk Sentespri a epi avèk pouvwa, **Tra.** 10:38. Kris la te preòdone anvan fondasyon mond lan, **1 Pyè** 1:20 (Etè 3:14). Kris la gen kle lanfè ak lanmò, **Apok.** 1:18.

Tout moun vin depann sou Kris, **2 Ne.** 9:5. Jezikri, Pitit Gason Bondye a, se Papa syèl la ak tè a, Kreyatè tout bagay depi nan kòmansman, **Ela.** 14:12.

Kris la te vini daprè volonte Papa a pou l fè volonte l, **D&A** 19:24. Jezi te resevwa yon plenitud nan glwa Papa a; epi Li te resevwa tout pouvwa, **D&A** 93:3–4, 16–17 (Jan 3:35–36).

Pran non Jezikri avèk nou: Pa gen okenn lòt non ki kapab sove nou, **Tra.** 4:12 (2 Ne. 31:21). Apot yo te rejwi poutèt yo te konsidere kòm diy pou soufri wont poutèt non li, **Tra.** 5:38–42. Se kòmandman li, Pou nou kwè nan non Pitit Gason li a, Jezikri, **1 Jn.** 3:23.

Temwaye pou w fè konnen ou vle pran non Kris la sou ou nan batèm, **2 Ne.** 31:13. m ta vle w pran non Kris la sou ou, **Mozya** 5:6–12 (Mozya 1:11). Nenpòt moun ki te vle pran non Kris la sou yo, yo te vin fè pati nan legliz Bondye a, **Mozya** 25:23. Tout moun ki te vrè kwayan Kris yo te pran non Kris la sou yo, **Alma** 46:15. Pòt

syèl la louvri pou moun yo ki kwè nan non Jezikri, **Ela.** 3:28. Yon moun ki fidèl nan non m nan dènne jou a, l ap beni, **Etè** 4:19. Yo vle pran non Pitit Gason an sou yo, **Mowo.** 4:3 (D&A 20:77).

Pran non Kris la sou ou, **D&A** 18:21–25.

Pwofesi konsènan nesans ak lanmò Jezikri: Yon vyèj pral ansent epi li pral fè yon pitit gason, **Eza.** 7:14 (1 Ne. 11:13–20). Yon gouvènè Izrayèl pral soti nan Bètleyèm, **Miche** 5:2.

Samyèl, Lamanit la te pwofetize yon jou, yon nuit, epi yon jou limyè; yon nouvo etwal; epi kèk lòt siy, **Ela.** 14:2–6. Samyèl, Lamanit la te pwofetize tenèb, loray ak zeklé, ak tranbleman tè, **Ela.** 14:20–27. Siy nesans Jezi yo te akonpli, **3 Ne.** 1:15–21. Siy lanmò Jezi yo te akonpli, **3 Ne.** 8:5–23.

Temwayaj konsènan Jezikri: Pòl te temwaye pou fè konnen Jezi se Kris la, **Tra.** 18:5. Menm lespri malen yo te temwaye pou fè konnen yo te konnen Jezi, **Tra.** 19:15. Pèsonn pa kapab di Jezi se Senyè a san Sentespri a, **1 Kor.** 12:3. Chak jenou pral pliye epi chak lang pral konfese Jezikri se Senyè a, **Filip.** 2:10–11.

Nou pale konsènan Kris, nou rejwi nan Kris, nou preche konsènan Kris, nou pwofetize konsènan Kris, **2 Ne.** 25:26. Liv Mòmou an la pou l konvenk Juif yo ak Janti yo Jezi se Kris la, **2 Ne.** 26:12 (paj tit Liv Mòmou an). Pwofèt yo ak ekriti yo temwaye konsènan Kris la, **Jakòb** 7:11, 19. Chèche Jezi sa konsènan limennm pwofèt yo ak apot yo te pale epi yo te la, **Etè** 12:41.

Nou te wè l epi nou te tandè vwa a rann temwayaj li se Sèl Pitit Literal la, **D&A** 76:20–24. Sa se lavi etènèl—pou moun konnen Bondye ak Jezikri, **D&A** 132:24.

Nou kwè nan Bondye Papa Etènèl la, ak Pitit Gason Li a, Jezikri, **AL** 1:1. Nou kwè Kris la pral gouvènè pèsonèlman sou tè a, **AL** 1:10.

Tèt Legliz la: Kris se tèt legliz la, **Efe.** 5:23 (Efe. 1:22; 4:15). Li se tèt kò a, Legliz la, **Kol.** 1:18.

Se Legliz mwen an, **Mozya** 26:22 (Mozya 27:13). Kris te otè ak finisman lafwa yo, **Mowo.** 6:1–4.

Se Legliz sa m te tabli, **D&A** 33:5 (3 Ne. 27:3–8).

Tip oubyen senbòl Kris: Abèl te ofri premye nan betay li yo, **Jen.** 4:4 (Moyiz 5:20). Pran sèl pitit gason w nan, Izarak, epi ofri l kòm sakrifis, **Jen.** 22:1–13 (Jakòb 4:5). Senyè a te kòmande pitit Izrayèl yo pou yo sakrifye ti mouton ki san tach, **Egz.** 12:5, 21, 46 (Nonb 9:12; Jan 1:29; 19:33; 1 Pyè 1:19; Apok. 5:6). Se pen Senyè a te ba w pou w manje, **Egz.** 16:2–15 (Jan 6:51). Frape wòch, epi dlo ap soti la-dann, pou pèp la kapab bwè, **Egz.** 17:6 (Jan 4:6–14; 1 Kor. 10:1–4). Kabrit la pral pote inikite yo sou tèt li, **Lev.** 16:20–22 (Eza. 53:11; Mozya 14:11; 15:6–9). Moyiz te leve yon sèpan eren pou sove moun ki gade l yo, **Nonb** 21:8–9 (Jan 3:14–15; Alma 33:19; Ela. 8:14–15). Jonas te nan vant pwason an pandan twa jou, **Jonas** 1:17 (Mat. 12:40).

Bagay sa a se resanblans sakrifis Sèl Pitit Literal Papa a, **Moyiz** 5:4–8.

Jèn, jene. *Gade tou nan* Antrèd; Fè lacharite, lacharite; Ofrann; Pòv

Deside pa manje ak bwè volontèman pou w kapab apwoche pi pre Senyè a pou mande l benediksyon. Lè kèk moun oubyen kèk gwoup moun ap jene, yo dwe priye tou pou yo konprann volonte bondye epi pou yo devlope pi gwo fòs espiritiyèl. Vre kwayan yo te toujou konn pratike jèn.

Nan Legliz la jodi a, yo mete yon jou Saba apa chak mwa pou jèn. Nan lè sa a, manm Legliz yo rete san manje ni bwè a dlo pandan yon peryòd tan. Epi, yo bay Legliz la lajan yo ta pral depanse pou repa sa yo. Yo rele lajan sa don jèn. Legliz la itilize don jèn nan pou ede moun pòv yo ak moun ki nan nesosite yo.

Nou jene epi nou chèche bondye nou an, **Esd.** 8:21–23, 31. M te jene epi m te priye devan bondye nan syèl la, **Ney.** 1:4. Jene pou mwen epi pa manje ni bwè pandan twa jou, **Estè** 4:16. M te imilye nanm mwen an jèn, **Sòm** 35:13. Èske se

pa jèn m te chwazi a, **Eza.** 58:3–12. M te pwente figi m devan Senyè Bondye a, pou m mande nan priyè ak jèn, **Dan.** 9:3. Tounnen vin jwenn mwen avèk tout kè w, epi avèk jèn, **Jowèl** 2:12. Niniv te kwè Bondye, epi li te pwoklame yon jèn, **Jonas** 3:5.

Jezi te jene pou karant jou, **Mat.** 4:2 (Egz. 34:28; 1 Wa 19:8; Lik 4:1–2). Pa fè moun wè w ap jene, **Mat.** 6:18 (3 Ne. 13:16). Ou pa kapab chase kalite sa san priyè ak jèn, **Mat.** 17:21.

Kontinye nan jèn ak priyè, **Omni** 1:26 (4 Ne. 1:12). Yo te kòmanse jene ak priye Senyè Bondye yo a, **Mozya** 27:22. M te jene ak priye anpil jou pou m kapab konnen bagay sa yo, **Alma** 5:46. Pitit Bondye yo te mete ansanm pou yo jene ak gran priyè, **Alma** 6:6. Pitit gason Mozya yo te lage kò yo nan anpil priyè ak jèn, **Alma** 17:3, 9. Yon tan jèn ak priyè te suiv lanmò anpil Nefit, **Alma** 28:5–6. Yo te jene anpil epi yo te priye anpil, **Alma** 45:1 (Ela. 3:35).

Prepare manje w avèk senplisite pou jèn ou an kapab pafè, **D&A** 59:13–14. Ou dwe kontinye nan priyè ak jèn, **D&A** 88:76.

Jid

Nan Nouvo Testaman an, youn nan frè Jezi yo epi pwobableman ki se otè lèt Jid la (Mat. 13:55; Jid 1:1).

Epit Jid la: Liv sa a gen yon lèt Jid te voye bay kèk Sen ki te febli nan lafwa yo. Yo te febli akoz moun pami yo ki te pran pòz yo te Kreyten men ki t ap pratike adorasyon imoral payen epi ki te pran pretèks yo pat oblije obeyi lalwa moral. Jid te vle reveye Sen yo pou yo te kapab wè danje espiritiyèl yo epi pou l te ankouraje yo rete fidèl.

Kèk pasaj prensipal nan Jid se vèsè 6, ki rakonte lagè nan syèl la ak lè yo te chase lisifè avèk zanji li yo soti nan kondisyon premòtèl la (Abr. 3:26–28), epi vèsè 14–15, ki site pwofesi Enòk te fè a.

Jida. *Gade tou nan* Bib; Izrayèl; Juif yo

Nan Ansyen Testaman an, katriyèm pitit gason Jakòb avèk Leya a (Jen. 29:35;

Jida, Frè Jak

37:26–27; 43:3, 8; 44:16; 49:8). Jakòb te beni Jida pou l te kapab yon dirijan natirèl nan pami piti gason Jakòb yo epi pou Chilo (Jezikri) te kapab desandan l (Jen. 49:10).

Tribi Jida a: Tribi Jida a te pran gouvènman an apre tablisman nan Kanaran an. Rival prensipal li a sete tribi Efrayim nan. Moyiz te beni tribi Jida a (Det. 33:7). Apre rèy Salomon an, tribi Jida a te vin tounen wayòm Jida a.

Wayòm Jida a: Pandan rèy Robowam dominasyon Salomon yo te divize an de wayòm separe sitou akoz, jalouzi ant tribi Efrayim yo avèk Jida. Wayòm sid, oubyen wayòm Jida a, te genyen ladan l tribi Jida a ak pi gwo pati nan Benjamin an. Jerizalèm ki te kapital li. Pratikman li te rete pi fidèl nan adorasyon Jewova pase wayòm nò a. Jida te ekpoze mwens anba atak ki soti nan nò ak nan lès, epi pouvwa siprèm nan te rete nan men fanmi David la jis nan kaptivite Babilòn nan. Wayòm Jida a te rive egziste pandan 135 ane apre chit wayòm ki te pi peple epi ki te pi pisan nan Izrayèl la.

Bwa Jida a: Sa fè panse a Bib la kòm youn rejis kay Jida a (Ezek. 37:15–19). Nan dènye jou yo, lè tout kalite branch kay Izrayèl yo rasanble, rejis sakre yo ap rasanble ansanm tou. Youn konplete lòt nan rejis ekriti sa yo e yo fòme yon temwayaj inifey pou fè konnen Jezi se Kris la, Bondye Izrayèl la epi Bondye tout tè a (TJS, Jen. 50:24–36 [Apendis]; 2 Ne. 3; 29).

Jida, Frè Jak

Nan Nouvo Testaman an, youn nan Douz Apot Jezikri te genyen anvan yo (Lik 6:13–16). Petèt yo te rele l Labe Tade tou (Mat. 10:2–4).

Jida Iskaryòt

Youn nan Douz Apot Jezi yo nan Nouvo Testaman an (Mat. 10:4; Mak 14:10; Jan 6:71; 12:4). Ti sinon l lan te vle di “moun Keriyòt.” Li te soti nan tribi Jida a epi li te sèl Apot ki pa t Galilyen. Jida te trayi Senyè a.

Te resevwa trant monnen lajan pou te livre Kris la bay youn nan chèf prèt yo, **Mat.** 26:14–16 (Zak. 11:12–13). Te trayi Senyè a avèk yon bo, **Mat.** 26:47–50 (Mak 14:43–45; Lik 22:47–48; Jan 18:2–5). Te pann tèt li, **Mat.** 27:5. Satan te antre nan Jida, **Lik** 22:3 (Jan 13:2, 26–30). David te pale konsènan trayizyon Jida kont Jezi a, **Tra.** 1:16 (Sòm 41:9).

Jij, jijman. *Gade tou nan* Jezikri—Jij; Jijman, Dènye a; Kondanasyon, kondane

Evalye konpòtman dapre prensip levanjil la; deside; distenge byen avèk mal.

Moyiz te chita pou l jije pèp la, **Egz.** 18:13. Ou dwe jije pwochen w avèk jistis, **Lev.** 19:15.

Pa jije pou w kapab pa sibi jijman, **Mat.** 7:1 (TJS, Mat. 7:1–2; Lik 6:37; 3 Ne. 14:1). Tout moun ki te peche kont lwa, se lwa ki pral jije yo, **Wom.** 2:12. Sen yo pral jije mond lan, **1 Kor.** 6:2–3.

Mond lan te jije Piti Gason Bondye etènèl la, **1 Ne.** 11:32. Douz Apot ti Mouton an a pral jije douz tribi Izrayèl yo, **1 Ne.** 12:9 (D&A 29:12). Lanmò, lanfè, dyab la ak tout moun yo dyab la te sezi a dwe pase anba jijman, **2 Ne.** 28:23 (1 Ne. 15:33). Si w jije youn moun ki mande w kondanasyon w pral pi jis ankò poutèt ou pa bay, **Mozya** 4:22. Lèzòm pral jije dapre zèv yo, **Alma** 41:3. Jije avèk jistis epi jistis ap retabli pou w ankò, **Alma** 41:14. Mond lan pral sibi jijman dapre liv ki pral ekri yo, **3 Ne.** 27:23–26 (Apok. 20:12). Se douz Jezi te chwazi nan peyi sa ki pral jije rès pèp sa a, **Mòm.** 3:18–20. Mòmmon te esplike fason pou moun jije byen ak mal, **Mowo.** 7:14–18.

Mete konfyans ou nan Lespri sa ki dirije moun pou yo jije avèk jistis, **D&A** 11:12. Ou dwe di nan kè w—kite Bondye jije ant mwen menm avè w, **D&A** 64:11. Legliz Senyè a pral jije nasyon yo, **D&A** 64:37–38. Piti Gason an te vizite lespri yo nan prizon an pou yo kapab jije tankou moun ki gen kò, **D&A** 76:73 (1 Pye 4:6). Yon evèk ap jij òdinè, **D&A** 107:72–74. Senyè a pral jije tout moun dapre zèv yo, dapre santiman kè yo, **D&A** 137:9.

Jij, Liv

Yon liv nan Ansyen Testaman an. Liv Jij pale de Izrayelit yo depi lanmò Jozye jis nan nesans Samyèl.

Chapit 1–3 se prefas tout liv Jij yo. Yo eksplike ke poutèt Izrayelit yo pa t chase ènmi yo (Jij 1:16–35), Izrayelit yo dwe souffri konsekans yo—pèdi lafwa, maryaj avèk enkredil, epi idolatri. Chapit 4–5 panche sou eksperyans Debora ak Barak, ki te delivre Izrayèl anba Kananeyit yo. Chapit 6–8 se eksperyans Je-deon ki ranfòse lafwa moun, Senyè a te beni l pou l te delivre Izrayèl anba Madyanit yo. Nan chapit 9–12, plizyè moun diferan te sèvi kòm jij nan Izrayèl pandan epòk kote pifò nan Izrayelit yo te nan apostazi epi sete etranje ki t ap dirije yo. Chapit 13–16 rakonte monte ak chit dènye jij la, Samson. Dènye chapit yo, 17–21, moun kapab dekrè yo kòm yon endèks ki revele pwofondè peche Izrayèl.

Jijman, Dènye a. *Gade tou nan*

Jezikri—Jij; Jij, jijman; Kondanasyon, kondane

Jijman Final k ap fèt apre Rezirèksyon an. Pa lantremiz Jezikri, Bondye pral jije chak moun pou l kapab detèmine glwa etènèl moun sa a ap resevwa. Jijman sa a ap baze sou obeyisans chak moun nan kòmandman Bondye yo, epi ak si li aksepté sakrifis ekspyatwa Jezikri a.

Papa a te remèt tout jijman nan men Pitit Gason an, **Jan** 5:22. Nou tout pral kanpe devan fotèy jijman Kris la, **Wom**. 14:10. Mò yo te jije dapre bagay ki te ekri yo, **Apok**. 20:12 (**D&A** 128:6–7).

Pou tout aksyon w yo w pral nan jijman, **1 Ne**. 10:20. Douz Apot yo ak douz disip Nefit yo pral jije Izrayèl, **1 Ne**. 12:9–10 (**D&A** 29:12). Tout moun dwe parèt devan fotèy jijman Nonm Sen an, **2 Ne**. 9:15. Prepare nanm ou pou jou gloriye sa a, **2 Ne**. 9:46. Èske w kapab imajine tèt ou devan tribinal Bondye a, **Alma** 5:17–25. Jezikri pral kanpe pou l jije mond lan, **3 Ne**. 27:16.

Senyè a pral desann avèk yon male-diksyon pou l jije payen yo, **D&A** 133:2.

Jis, jistis. *Gade tou nan* Diy, diyite; Enjis, enjistis; Entegrite; Kòmandman Bondye yo; Mache, mache avèk Bondye

Lè yon moun jis, sen, gen vèti, dwat; aj nan obeyisans dapre kòmandman Bondye yo; evite peche.

Senyè a ap beni jis yo, **Sòm** 5:12. Je Senyè a sou jis yo, **Sòm** 34:15, 17 (1 Pyè 3:12). Lè jis yo sou pouvwa, pèp la rejwi, **Pwov**. 29:2 (**D&A** 98:9–10).

Moun ki grangou epi ki swaf dèyè jistis, yo beni, **Mat**. 5:6 (3 Ne. 12:6). Chèche wayòm Bondye ak jistis li anvan, **Mat**. 6:33. Jis yo pral nan lavi etènèl, **Mat**. 25:46. Priyè solid yon moun jis enpòtan anpil, **Jak** 5:16.

Bondye favorize yon moun ki jis, **1 Ne**. 17:35. L ap prezève jis yo; yo pa bezwen krent, **1 Ne**. 22:17, 22. Satan p ap gen okenn pouvwa poutèt jistis pèp Senyè a, **1 Ne**. 22:26. Si pa gen jistis p ap gen bonè, **2 Ne**. 2:13. Jis yo pral eritye wayòm Bondye a, **2 Ne**. 9:18. Jis yo pa krent pawòl verite yo, **2 Ne**. 9:40. Tout moun dwe chanje vin nan yon eta jistis, **Mozya** 27:25–26. Non jis yo pral ekri nan liv lavi a, **Alma** 5:58. Ou te chèche bonè nan komèt inikite, ki kontrè avèk nati jistis, **Ela**. 13:38.

Chan jis yo se yon priyè devan m, **D&A** 25:12. Kanpe, mete kiras jistis la sou ou, **D&A** 27:16 (Efe. 6:14). lanmò moun ki jis agreyab pou yo, **D&A** 42:46. Jis yo pral rasanble nan tout nasyon, **D&A** 45:71. Moun ta dwe fè anpil jistis avèk pwòp volonte pa yo, **D&A** 58:27. Yon moun ki fè zèv jistis ap resevwa lapè nan mond sa a epi lavi etènèl nan mond k ap vini an, **D&A** 59:23. Lè dezyèm vini an, pral gen yon separasyon total ant jis yo ak mechan yo, **D&A** 63:54. Pouvwa syèl yo kapab kontwole sèlman anba prensip jistis, **D&A** 121:36. Te gen lapè nan pami jis yo, **D&A** 138:22.

Pèp Siyon an te rete nan jistis, **Moyiz** 7:18. Abraram te yon disip jis, **Abri**. 1:2.

Jistifikasyon, jistifye. *Gade tou nan* Ekspyasyon, ekspye; Sanktifikasyon

Lè yon moun resevwa padon pou

peche l epi yo deklare l san fot. Sovè a jistifye yon moun ki gen lafwa nan Li akoz gras Li. Se repantans ak obeyisans lalwa ak òdonans levanjil la ki montre lafwa sa a. Ekspyasyon Jezi a fè limanite kapab repanti epi pou yo jistifye oubyen jwenn padon anba pinisyon yo ta pral resevwa a.

Tout Izrayèl pral jistifye nan Senyè a, **Eza.** 45:25.

Se pa moun ki koute men se moun ki obsève lwa yo k ap jistifye, **Wom.** 2:13. Se nan san Kris la lèzòm jistifye, **Wom.** 5:1–2, 9. Ou jistifye nan non Senyè Jezikri a, **1 Kor.** 6:11. Paskè gras li jistifye nou, n ap vin tounen eritye, **Tit** 3:7. Èske se pa zèv ki te jistifye Abraram, papa nou an, **Jak** 2:21. Se pa sèlman nan lafwa yon moun jistifye, men se nan zèv, **Jak** 2:14–26.

Lwa a pa jistifye okenn chè, **2 Ne.** 2:5. Sevità jis mwen an pral jistifye anpil moun, paske li pral pote inikite yo, **Mozya** 14:11 (**Eza.** 53:11). Èske w kapab di rad ou te lave nan Kris la, **Alma** 5:27.

Jistikasyon ki fèt nan gras Jezikri a vrè, **D&A** 20:30–31 (**D&A** 88:39).

Ou jistifye nan Lespri a, **Moyiz** 6:60.

Jistis. *Gade tou nan Ekspyasyon, ekpye; Mizèrikòd*

Konsekans irevokab benediksyon sou fòm pou panse ak aksyon jis, epi pinisyon pou peche san repantans. Jistis se yon lwa etènèl ki egzije yon pinisyon chak fwa moun vyole yon lwa Bondye (**Alma** 42:13–24). Pechè a dwe peye dèt la si li pa repanti (**Mozya** 2:38–39; **D&A** 19:17). Si li repanti, Sovè a peye dèt la gras a Ekspyasyon l lan, lè li envoke mizèrikòd (**Alma** 34:16).

Yon nanm ki peche, l ap mouri, **Ezek.** 18:4. Ki sa Senyè a egzije nan men w, ekseptè pou w fè jistis, **Miche** 6:8.

Jezi ap jis epi l ap padone peche nou, **1 Jn.** 1:9.

Jistis Bondye a te separe mechan yo avèk jis yo, **1 Ne.** 15:30. Ekspyasyon an satisfè egzijans jistis la, **2 Ne.** 9:26. Tout limanite te tonbe epi yo anba men jistis la, **Alma** 42:14. Ekspyasyon an apeze egzijans jistis, **Alma** 42:15. Èske w panse

mizèrikòd kapab maske jistis, **Alma** 42:25. Jistis Bondye a pandye sou tèt ou si w pa repanti, **Alma** 54:6.

Jistis ak jijman se dèt ki atache avèk lwa mwen, **D&A** 82:4. Jistis kontinye nan wout li epi li reklame sa ki pou li, **D&A** 88:40. Pa gen moun k ap epanye anba jistis ak lwa Bondye, **D&A** 107:84.

Jòb

Nan Ansyen Testaman an, yon nonm jis ki te soufri anpil afliksyon terib, malgre sa li te rete fidèl avèk kwayans li nan Bondye. Istwa li ekri nan liv Jòb la.

Liv Jòb la: Malgre liv la ekri konsènan soufrans Jòb, li pa fin reponn nèt kesyon konsènan rezon ki fè Jòb (oubyen nenpòt lòt moun) te kapab soufri doulè epi pèdi fanmi l ak byen li yo. Liv la klarifye pou fè konnen afliksyon pa vle di nesèsman yon moun te peche. Senyè a kapab itilize afliksyon pou eksperyans, disiplin, ak enstriksyon, menm jan an tou pou pinisyon (**D&A** 122).

Liv la kapab divize fè kat pati. Chapit 1–2 se yon entwodiksyon istwa a. Chapit 3–31 rakonte yon seri diskisyon ant Jòb ak twa zanmi l yo. Chapit 32–37 genyen pawòl Eliyou yo, yon katriyèm zanmi, ki te kondane Jòb pou rezon ki pa menm avèk rezon twa premye zanmi yo. Chapit 38–42 fini liv la avèk yon asirans pou Jòb konnen aksyon lavi li te bon depi nan kòmansman.

Liv Jòb la anseye ke si yon moun gen yon konesans kòrèk konsènan Bondye epi si l viv yon lavi akseptab devan Bondye, l ap kapab sipòte pi byen epèv ki vin devan l yo. Men kalite esklamasyon ki karakterize lafwa solid Jòb la, “Menm si li touye m, m ap fè l konfyans” (**Jòb** 13:15). Non Jòb mansyone tou nan **Ezekyèl** 14:14; **Jak** 5:11; **Doktrin** ak **Alyans** 121:10.

Jonas. *Gade tou nan Niniv*

Yon pwofèt Ansyen Testaman Senyè a te bay apèl pou l ale preche vil Niniv la repantans (**Jonas** 1:1–2).

Liv Jonas la: Yon liv nan Ansyen Testaman an ki pale de yon eksperyans nan

lavi Jonas. Pwobableman, Jonas pa t ekri liv la limenm. Ide prensipal liv Jonas la sèke Jewova rèye tout kote epi li pa resève lanmou Li pou yon sèl nasyon oubyen yon sèl pèp.

Nan chapit 1 an, Senyè a te bay Jonas apèl pou l preche nan Niniv. Tan pou l te fè jan Senyè a te kòmande l la, Jonas te sove nan bato epi yon gwo pwason te vale l. Nan chapit 2 a, Jonas te priye Senyè a epi pwason an te vomi Jonas deyò sou tè sèk. Chapit 3 a rakonte Jonas te ale nan Niniv epi li te pwofetize sou chit vil sa a. Sepandan, pèp la te repanti. Nan chapit 4 la, Senyè a te repwòche Jonas poutèt li te fache paske Senyè a te sove pèp la.

Jezi te anseye vale lè pwason an te vale Jonas la sa te sèvi kòm yon reprezantasyon lanmò Jezi ak rezirèksyon l (Mat. 12:39–40; 16:4; Lik 11:29–30).

Jonatan. *Gade tou nan* David; Sayil, wa Izrayèl

Nan Ansyen Testaman an, yon pitit gason Sayil, wa Izrayèl. Jonatan te yon bon zanmi David (1 Sam. 13–23; 31).

Joseph Smith, pitit la. *Gade nan* Smith, Joseph, pitit la

Jou Saba. *Gade tou nan* Kreyasyon, kreye; Repo

Yon jou sen ki rezève chak semèn pou repo ak adorasyon. Apre Bondye te fin kreye tout bagay, Li te repoze L nan setyèm jou a epi Li te kòmande pou gen yon jou a, chak semèn kòm jou repo pou ede moun sonje L (Egz. 20:8–11).

Anvan Rezirèksyon Kris, manm Legliz la te konn obsève dènye jou nan semèn nan kòm Saba, jan Juif yo te fè a. Apre Rezirèksyon an, manm Legliz la, ni Juif yo ni Janti yo te obsève premye jou nan semèn nan (jou Senyè a) pou yo sonje Rezirèksyon Senyè a. Jodi a, Legliz la kontinye obsève yon jou chak semèn kòm yon jou saba sen, nan jou sa a yo adore Bondye epi pou yo repoze apre travay monden yo.

Saba raple moun bezwen yo genyen pou nouriti espirityèl ak devwa yo pou

yo obeyi Bondye. Lè yon nasyon neglijan obsève Saba, tout aspè nan lavi yo afekte epi lavi relijye yo vin deprave (Ney. 13:15–18; Jer. 17:21–27).

Bondye te repoze nan setyèm jou a, **Jen.** 2:1–3. Pitit Izrayèl yo pa t rasanble lamàn nan jou Saba a, **Egz.** 16:22–30. Sonje jou saba a, epi sanntifye l, **Egz.** 20:8–11 (Mozya 13:16–19). Saba a te vini kòm yon siy ant Bondye ak lòm, **Egz.** 31:12–17 (Ezek. 20:12, 20). Nou pa dwe achte ni vann nan saba a, **Ney.** 10:31. Fè saba a tounen yon delis, onore Senyè a epi pa pran plèzi pou tèt pa w, **Eza.** 58:13–14.

Saba a te fèt pou lòm, men lòm pa t fèt pou saba, **Mak** 2:23–28. Pitit lòm nan se Senyè saba a, **Lik** 6:1–10. Jezi te anseye nan yon sinagòg epi li te geri moun nan pandan saba a, **Lik** 13:10–14.

Nefit yo te respekte jou saba a sen, **Ja-wòm** 1:5. Obsève jou saba a epi respekte l sen, **Mozya** 18:23.

Ofri sentsèn nan nan jou sen m nan, **D&A** 59:9–13. Abitan Siyon yo dwe obsève jou saba a, **D&A** 68:29.

Mwenmenm Bondye, m te repoze nan setyèm jou a apre tout travay mwen, **Mo-yiz** 3:1–3 (Jen. 2:1–3; Abr. 5:1–3).

Jou Senyè a. *Gade nan* Dezyèm Vini Jezikri; Jijman, Dènye a; Jou Saba

Jouk. *Gade tou nan* Disip

Yon zouti yo mete nan kou bèt oubyen moun pou mare yo ansanm. Jouk Kris la se yon senbòl responsablite, men jouk esklavaj se yon senbòl pou opresyon.

Jouk mwen fasil epi chay mwen lejè, **Mat.** 11:29–30. Pa soumèt ou anba menm jouk avèk enkwayan yo, **2 Kor.** 6:14. Pa antòtiè w avèk fado esklavaj, **Gal.** 5:1.

Ni tou nou pa vle mennen pèsonn anba jouk esklavaj, **Alma** 44:2.

Soufrans Sen yo se yon jouk fè, yon kòd solid, epi se chenn lanfè a, **D&A** 123:1–3, 7–8.

Jowèl

Yon pwofèt nan peyi Jida nan Ansyen Testaman an. Moun pa konnen nan ki

Jozafa

epòk li te viv—li kapab byen te viv nan yon epòk ant rèy Jòch, anvan 850 ANVAN JEZIKRI, ak retou tribi Jida a soti nan kap-tivite Babilòn.

Liv Jowèl la: Liv la te santre sou yon pwofesi Jowèl te fè apre yon gwo sechrès ak sotrèl te fin frape peyi Jida (Jowèl 1:4–20). Jowèl te bay pèp la asirans yo te kapab resevwa benediksyon Bondye anko si yo repanti (Jowèl 2:12–14).

Chapit 1 se yon apèl pou yon asanble solanèl nan kay Senyè a. Chapit 2 a pale de lagè ak dezolasyon ki an Milenyòm nan. Chapit 3 a pale de dènye jou yo epi li di tout nasyon ap nan lagè men alafen Senyè a pral rete nan Siyon.

Pyè resite pwofesi Jowèl te fè konsènan devèsman Lespri nan jou Pannkòt la (Jowèl 2:28–32; Tra. 2:16–21). Zanj Mowoni an te site menm pasaj sa a bay Joseph Smith tou (1—JS 1:41).

Jozafa

Nan Ansyen Testaman an, yon wa Jida ki te fidèl (1 Wa 15:24; 22).

Jozèf, Bwa. *Gade nan* Efrayim—Bwa Efrayim oubyen Bwa Jozèf; Liv Mòmmon

Jozèf, mari Mari a. *Gade tou nan* Jezikri; Mari, manman Jezi

Msyemarye Mari, manman Jezi. Jozèf te yon desandan David (Mat. 1:1–16; Lik 3:23–38) epi li te abite nan Nazarèt. Li te fyanse avèk Mari. Yon ti tan anvan maryaj la, Mari te resevwa vizit zanj Gabriyèl, ki anonse Mari te chwazi pou l te kapab vin manman Sovè a (Lik 1:26–35). Jozèf tou te resevwa revelasyon konsènan nesans diven sa a (Mat. 1:20–25).

Mari se te sèl paran terès Jezi paske se Papa Bondye ki te papa Jezi. Men Juif yo te panse Jozèf te papa Jezi, epi Jezi te trete L konsa (Lik 2:48, 51). Jozèf te resevwa avètisman nan rèv selès pou l te sove ale an Ejipt avèk Jezi, bebe a, pou l te kapab sove lavi l (Mat. 2:13–14). Lè Ewòd te fin mouri, yon zanj te di Jozèf pou l te retounen nan Izrayèl avèk timoun ki te Kris la (Mat. 2:19–23).

Jozèf, piti gason Jakòb. *Gade tou nan* Izrayèl; Jakòb, piti gason Izarak

Nan Ansyen Testaman an, premyene gason Jakòb avèk Rachèl la (Jen. 30:22–24; 37:3).

Jozèf te resevwa dwadenès la nan Izrayèl paske Riben, premyene gason premye madanm Jakòb la te pèdi privilèj li poutèt transgresyon (1 Kwo. 5:1–2). Poutèt li te diy, kòm premye piti gason dezyèm madanm Jakòb la, Jozèf te dezyèm sou lis la pou benediksyon an. Jozèf te resevwa yon benediksyon nan men papa l, Jakòb, yon ti tan anvan lanmò papa l (Jen. 49:22–26).

Jozèf te yon nonm ki gen gran karaktè, yon moun ki te “diskrè epi ki te saj” (Jen. 41:39). Lè li te rejte madanm Potifa a, se yon egzanp ki montre lafwa li, chastete li ak entegrite pèsònèl li (Jen. 39:7–12). Nan Ejipt, lè Jozèf te revele vrè idantite l bay frè l yo, olye l te blame yo, li te remèsye yo pou jan yo te trete l. Li kwè zak yo te fè a te ede nan akonplisman volonte diven Bondye (Jen. 45:4–15).

Revelasyon modèn nan revele pi gwo misyon fanmi Jozèf la nan dènye jou yo (TJS, Jen. 50:24–38 [Apendis]; 2 Ne. 3:3–24; 3 Ne. 20:25–27).

Jakòb te renmen Jozèf anpil epi li te ba li yon manto ki gen anpil koulè, **Jen.** 37:3. Poutèt jalouzi frè Jozèf yo te grandi avèk yon hèn kont li epi yo te fè konplo pou yo touye l, men okontrè yo te vann li bay machann, ki ta pral nan Ejipt, **Jen.** 37:5–36. Nan Ejipt, Senyè a te fè Jozèf pwospere epi li te vin tounen dirijan kay Potifa a, **Jen.** 39:1–4. Madanm Potifa te fè manti, li te di konsa Jozèf te eseye sedui l; yo te kondane Jozèf san rezon epi yo te mete l nan prizon, **Jen.** 39:7–20. Jozèf te entèprete rèv jeran prensipal ak kwizinye Farawon an, **Jen.** 40. Farawon te kòmanse apresye Jozèf paske Jozèf te entèprete youn nan rèv Farawon yo; li te lonmen Jozèf kòm yon dirijan nan Ejipt, **Jen.** 41:14–45. Efrayim ak Manase te fèt, **Jen.** 41:50–52. Jozèf te reyini avèk papa l epi avèk frè l yo, **Jen.** 45–46. Jozèf te mouri nan Ejipt lè te gen 110 zan, **Jen.** 50:22–26.

Jozèf Arimate

Jozèf Arimate se te yon manm nan Sannedren an, yon disip Kris, epi yon Izrayelit rich epi fidèl ki pa t patisipe nan kondansasyon Senyè a. Apre Krisifiksyon an, Jozèf te fè vlope kò Sovè a nan yon twal swa pwòp epi li mete L nan pwòp tonb pa li a ki te tankou yon kavò (Mat. 27:57–60; Mak 15:43–46; Lik 23:50–53; Jan 19:38–42).

Jozyas

Yon wa jis peyi Jida 641–610 ANVAN JEZIKRI (2 Wa 22–24; 2 Kwo. 34–35). Pandan rèy li a, yo te jwenn liv lalwa a nan kay Senyè a (2 Wa 22:8–13).

Jozye. Gade tou nan Jeriko

Yon pwofèt epi yon dirijan nan Ansyen Testaman an, ki te vin apre Moyiz. Li te fèt nan Ejipt anvan pitit Izrayèl yo te chape (Nonb 14:26–31). Limenm ak Kalèb te pami douz espyon yo te voye nan Kanaran yo. Yo se sèl moun ki te bay yon bon rapò konsènan peyi a (Nonb 13:8, 16–33; 14:1–10). Li te mouri a laj 110 zan (Joz. 24:29). Jozye te yon gwo egzanp kòm yon pwofèt gèrye ki te devwe.

Liv Jozye a: Liv sa a te pote non Jozye poutèt li te pèsonaj prensipal ladan l, men se pa paske li te ekri. Chapit 1–12 dekri konkèt Kanaran an; Chapit 13–24 pale de jan tribi Izrayèl yo te divize tè a ak dènye konsèy Jozye yo.

De vèsè remakab nan liv Jozye a se kòmandman Senyè a te ba li pou l medite sou ekriti yo (Joz. 1:8) ak apèl Jozye te rele pèp la pou yo fidèl devan Senyè a (Joz. 24:15).

Jwa. Gade tou nan Obeyi, obeyisan, obeyisans

Yon eta gran bonè ki se pwodui yon lavi jis. Bi lavi mòtèl la se pou tout moun gen lajwa (2 Ne. 2:22–25). Yon jwa total soti sèlman nan Jezikri (Jan 15:11; D&A 93:33–34; 101:36).

Moun dou yo pral ogmante jwa yo nan Senyè a, **Eza.** 29:19 (2 Ne. 27:30).

M pote bon nouvèl anpil jwa, **Lik** 2:10. Pèsonn pa kapab pran jwa w nan men w,

Jan 16:22. Fwi Lespri a se lanmou, lajwa, lapè, **Gal.** 5:22.

Fwi a te ranpli nanm mwen avèk yon gran jwa, **1 Ne.** 8:12. Lèzòm egziste pou yo kapab gen lajwa, **2 Ne.** 2:25. Jwa moun ki jis yo pral total pou tout tan, **2 Ne.** 9:18. Yo kapab rete avèk Bondye nan yon eta bonè ki p ap janm fini, **Mozya** 2:41. M ap bay tout sa m posede pou m kapab resevwa gran jwa sa a, **Alma** 22:15. Petèt, m kapab vin yon zouti nan men Bondye pou m mennen kèk nanm nan repantans, epi se jwa pa m, **Alma** 29:9. Gade yon jwa, epi gade yon limyè mèveye m te wè, **Alma** 36:20.

Lespri m pral ranpli manm ou avèk jwa, **D&A** 11:13. Jwa w pral gran anpil avèk li nan wayòm Papa mwen an, **D&A** 18:15–16. Nan mond sa jwa w pa konplè, men nan mwen jwa w konplè, **D&A** 101:36.

Nan lavi sa m ap gen lajwa, **Moyiz** 5:10–11.

Juif yo. Gade tou nan Izrayèl; Jida

Juif yo kapab (1) desandan Jida, youn nan douz pitit gason Jakòb yo, (2) pèp ansyen wayòm sid Jida a, oubyen (3) moun ki pratike relijyon, estil lavi, ak tradisyon Jida menm si yo te fèt oubyen pa t fèt Juif. Li vin tounen yon abitud pou moun itilize mo *Juif* la pou yo pale de tout desandan Jakòb yo, men se yon erè. Li ta dwe aplike pou moun ki nan wayòm Jida a oubyen, plis espesyalman jodi a, pou moun nan tribi Jida yo ak asosye li yo.

Gouvènman an p ap soti nan Jida jistan Chilo vini, **Jen.** 49:10.

Levanjil Kris la se pouvwa Bondye pou sali, Juif yo anvan, **Wom.** 1:16.

Senyè a t ap leve yon pwofèt nan pami Juif yo—menm yon Mesi, **1 Ne.** 10:4. Lè li va te soti nan bouch yon Juif, ekriti yo te klè epi san melanj, **1 Ne.** 14:23. Juif yo pral dispèse nan pami tout nasyon yo, **2 Ne.** 25:15. Juif yo se ansyen pèp alyans mwen an, **2 Ne.** 29:4. Juif yo ki te dispèse a pral kòmanse kwè nan Kris la, **2 Ne.** 30:7. Juif yo pral rejte wòch pou yo ta bati fondasyon yo a, **Jakòb** 4:14–16. Juif yo pral

Kado Espirityèl

gen lòt temwen pou montre Jezi te Kris la menm, **Mòm.** 3:20–21.

De pwofèt gen pou yo leve pou nasyon Juif la nan dènye jou yo, **D&A** 77:15. Rele tout nasyon, premyèman Janti yo, epi apre sa Juif yo, **D&A** 133:8.

Nan jou sa yo pral gen gran tribilasyon sou Juif yo, **M—JS** 1:18.

Kado Espirityèl. *Gade nan* Don Lespri yo

Kalèb

Youn nan moun Moyiz te voye chèche peyi Kanaran an nan dezèm ane apre Egzòd la. Se sèl limenm ak Jozye ki te pote youn vrè rapò konsènan peyi a (Nonb 13:6, 30; 14:6–38). Pami tout moun ki te kite Ejipt yo, se sèl yo menm te viv pi lontan pase karantan nan dezè a (Nonb 26:65; 32:12; Det. 1:36) epi yo te antre nan Kanaran (Joz. 14:6–14; 15:13–19).

Kalvè. *Gade nan* Gòlgota

Kam. *Gade tou nan* Noye, patriyach bibliik

Nan Ansyen Testaman an, twazyèm pitit gason Noye a (Jen. 5:32; 6:10; Moyiz 8:12, 27).

Noye, pitit gason li yo, ak fanmi yo te antre nan bato a, **Jen.** 7:13. Kanaran, pitit gason Kam nan te modi, **Jen.** 9:18–25.

Gouvènman Kam nan te patriyakal epi li te resevwa benediksyon konsènan bagay materyèl ak sajès men li pa t gen prèttriz la, **Abr.** 1:21–27. Madanm Kam te yon desandan Kayen, epi pitit fi li a, Ejiptis te tabl nan Ejipt, **Abr.** 1:23, 25 (Sòm 105:23; 106:21–22).

Kanaran, Kananeyit

Nan epòk Ansyen Testaman an, katriyèm pitit gason Kam nan (Jen. 9:22; 10:1, 6) epi pitit pitit gason Noye. *Kananeyit* fè panse a yon moun peyi kote Kanaran te rete nan kòmansman epi tou moun ki desandan l yo. *Kananeyit* te yon non tou pou moun ki te rete nan tè plat ki lonje kòt Mèditerane Filisti nan. Non sa a te itilize tou pou dekri tout moun ki pa Izrayelit

ki te abite nan peyi Lwès Jouden an, ke Grèk yo te rele Fenisyen yo.

Kanonik. *Gade tou nan* Bib; Doktrin ak Alyans yo; Ekrityo yo; Liv Mòmmon; Pèl Gran Pri

Yon koleksyon li, rekoni ki fè, otoritatè. Kòm liv sakre nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, liv kanonik yo rele travay modèl yo epi yo anbrase Ansyen ak Nouvo Testaman yo, Liv Mòmmon an, Doktrin ak Alyans yo epi Pèl Gran Pri a.

Kantik. *Gade tou nan* Chante; Mizik

Yon chan pou louwanj Bondye.

Douz Apot yo te chante yon kantik anvan Senyè a te ale nan Jetsemann, **Mat.** 26:30.

Senyè a te bay Emma Smith apèl pou l te fè yon seleksyon kantik sakre yo, **D&A** 25:11. Chan moun jis yo se yon priyè pou mwen, epi m ap reponn yo avèk yon benediksyon sou tèt yo, **D&A** 25:12. Louwe Senyè a avèk chante epi avèk mizik, **D&A** 136:28.

Kantik Salomon

Yon liv nan Ansyen Testaman an. An-sèyman Pwofèt Joseph Smith te fè konnen Chan Salomon yo pa yon ekrityo enspire.

Kaptivite. *Gade tou nan* Lib, libète

Nan esklavaj fizik oubyen espirityèl.

Pèp Izrayèl la te ale nan kaptivite pou-tèt inikite yo, **Ezek.** 39:23.

Yon moun ki dirije lòt nan kaptivite, li prale nan kaptivite, **Apok.** 13:10.

Mechan yo ap tonbe anba kaptivite dyab la, **1 Ne.** 14:4, 7. Lèzòm lib pou yo chwazi ant libète ak lavi etènèl oubyen kaptivite ak lanmò, **2 Ne.** 2:27. Volonte kò a bay lespri dyab la pouvw pou l kaptif, **2 Ne.** 2:29. Èske w raple w ase konsènan kaptivite zansèt ou yo, **Alma** 5:5–6. Moun ki fè kè di, dyab la pran yo fè kaptif, **Alma** 12:11. Veye epi priye tout tan, pou dyab la pa tante w, epi pou l pa mennen w kaptif, **3 Ne.** 18:15.

Kay Izrayèl. *Gade nan* Izrayèl

Kay Senyè a. *Gade nan* Tanp, kay
Senyè a

Kayen. *Gade tou nan* Abèl; Adan;
Ansasen; Konbinezon sekrè

Yon pitit gason Adan ak Èv ki te touye
Abèl, ti frè l La (Jen. 4:1–16).

Senyè a te rejte ofrann li a, **Jen.** 4:3–7
(Moyiz 5:5–8, 18–26). Li te touye Abèl, frè
l la, **Jen.** 4:8–14 (Moyiz 5:32–37). Senyè a
te mete yon malediksyon ak yon mak sou
li, **Jen.** 4:15 (Moyiz 5:37–41).

Adan ak Èv te gen anpil pitit gason ak
pitit fi anvan li te fèt, **Moyiz** 5:1–3, 16–17.
Te renmen Satan plis pase Bondye, **Mo-
yiz** 5:13, 18. Li te kontrakte yon alyans
malsen avèk Satan, **Moyiz** 5:29–31.

Kayif. *Gade tou nan* Àn (Gran prèt);
Sadiseyen

Nan Nouvo Testaman an, yon gran prèt
ki se bofis Àn. Kayif te patisipe aktivman
nan opozisyon kont Jezi ak disip Li yo
(Mat. 26:3–4; Jan 11:47–51; 18:13–14).

Kè. *Gade tou nan* Fèt ankò, fèt nan
Bondye; Kè brize

Yon senbòl lespri, ak volonte lèzòm;
nan sans figure, li se sou figiratif tout
emasyon ak santiman.

Renmen Senyè Bondye w la avèk tout
kè w, **Det.** 6:5 (Det. 6:3–7; Mat. 22:37; Lik
10:27; D&A 59:5). Senyè a te konsidere
yon nonm dapre kè pa l, **1 Sam.** 13:14. Lè-
zòm gade sou aparans fizik, men Senyè
a gade nan kè, **1 Sam.** 16:7. Yon moun ki
gen men pwòp ak kè pi, l ap monte sou
kolin Senyè a epi l ap beni, **Sòm** 24:3–5
(2 Ne. 25:16). Jan yon moun panse nan
kè l, se konsa li ye, **Pwov.** 23:7. Eli pral
vire kè zansèt yo bay timoun yo epi kè
timoun yo bay zansèt yo, **Mal.** 4:5–6 (Lik
1:17; D&A 2:2; 110:14–15; 138:47; 1–JS
1:38–39).

Moun ki gen kè pi yo beni, **Mat.** 5:8
(3 Ne. 12:8). Yon moun pale dapre bonte
oubyen movèzte kè li, **Lik** 6:45.

Suiv Pitit Gason an avèk tout senserite
kè w, **2 Ne.** 31:13. Èske w te fèt espiritiyèl-
man nan Bondye epi èske yon gran chanj-
man te opere nan kè w, **Alma** 5:14. Ofri

Senyè a yon kè dou ak yon lespri kontri
kòm sakrifis, **3 Ne.** 9:20 (3 Ne. 12:19; Etè
4:15; Mowo. 6:2).

M ap fè Sentespri a di w nan kè w ak
nan lespri w, **D&A** 8:2.

Kè brize. *Gade nan* Dou, dousè; Enb,
imilite; Kè; Repantans, repanti;
Sakrifis

Pou gen yon kè brize se pou w enb,
kontri, repantan, epi mizèrikòd—se prè
pou w fè volonte Bondye.

Mwen abite avèk l sa a se yon lespri
enb ak kontri, **Eza.** 57:15.

Kris te ofri tèt li pou sa yo ki gen yon
lespri enb ak kontri, **2 Ne.** 2:7. Ofri pou
sakrifis bay Senyè a yon kè brize ak les-
pri kontri, **3 Ne.** 9:20 (D&A 59:8). Sèl sa
avèk kè brize ak lespri kontri te resevwa
batèm, **Mowo.** 6:2.

Jezi te sakrifye pou remisyon peche sa
yo ki gen yon kè kontri, **D&A** 21:9. Yo ak-
septe sa lespri li kontri, **D&A** 52:15. Sen-
tespri a pwomèt sa a yo ki kontri, **D&A**
55:3. Lespri voye klere sa yo ki enb ak
kontri, **D&A** 136:33.

Kichkimèn. *Gade tou nan* Vòlè
Gadyanton yo

Nan Liv Mòmou an, dirijan yon gwoup
moun mechan ki te vin rele vòlè Gadyan-
ton yo (Ela. 1:9–12; 2).

Kimball, Spencer W. *Gade tou nan*
Deklarasyon Ofisyèl 2

Douzyèm Prezidan Legliz la depi l te
fonde nan 1830. Spencer W. Kimball te
sèvi kòm Prezidan depi Desann 1973 jis
nan Novann 1985. Li te fèt nan 1895 epi
li te mouri nan 1985 lè li te gen 90 zan.

Nan mwa Jen 1978, Premye Prezidans
lan te anonse Prezidan Kimball te rese-
vwa yon revelasyon ki rann benediksyon
prèttriz ak tanp aksesib pou tout gason ki
manm ki diy, **DO** 2.

Kimora, Kolin. *Gade tou nan* Liv
Mòmou; Mowoni, pitit gason
Mòmou; Smith, Joseph, pitit la

Yon ti kolin ki te nan lwès New York,
Etazini Damerik. Se la yon ansyen pwofèt

Kiras

ki te rele Mowoni te kache rejis lò yo ki te gen kèk nan istwa nasyon Nefit ak nasyon Jaredit yo. Mowoni resisite a te dirije Joseph Smith nan kolin sa a an 1827 pou l pran rejis yo epi pou l tradui yon pòsyon ladan yo. Tradiksyon sa se Liv Mòmou an.

Nefit yo te rasanble nan Kimora, **Mòm.** 6:2–4. Kimora te yon peyi ki gen anpil dlo, **Mòm.** 6:4. Mòmou te kache rejis yo nan Kolin Kimora a, **Mòm.** 6:6. Tout Nefit yo te mouri nan Kimora, eksepte venn kat ladan yo, **Mòm.** 6:11.

Nou tande bon nouvèl soti nan Kimora, **D&A** 128:20.

Joseph Smith te pran plak yo nan Kolin Kimora a, **I—JS** 1:42, 50–54, 59.

Kiras. *Gade nan* Pektoral

Kle prèttriz la. *Gade tou nan*

Dispansasyon; Premye Prezidans; Prèttriz

Kle yo se dwa prezidans la, oubyen pouvwa Bondye bay lèzòm pou yo dirije, kontwole, epi gouvènè prèttriz Bondye sou tè a. Detantè prèttriz ki gen apèl nan pozisyon prezidans resevwa kle nan men moun ki gen otorite sou yo. Detantè prèttriz yo itilize prèttriz la sèlman nan limit moun ki gen kle yo trase. Prezidan Legliz la se sèl moun sou tè a ki gen tout kle prèttriz yo e ki otorize pou egzèsè yo (**D&A** 107:65–67, 91–92; 132:7).

Pyè te resevwa kle wayòm nan, **Mat.** 16:19.

Michèl (Adan) te resevwa kle sali sou direksyon Jezikri, **D&A** 78:16. Kle wayòm nan toujou pou Premye Prezidans lan, **D&A** 81:2. Prèttriz Mèlkisedèk la gen kle mistè konesans Bondye, **D&A** 84:19. Douz Apot yo gen kle espesyal, **D&A** 107:35; 112:16, 32; 124:128. Joseph Smith ak Oliver Cowdery te resevwa kle konsènan rasanbleman Izrayèl, levanjil Abraman nan ak pouvwa pou sele, **D&A** 110:11–16. Premye Prezidans lan ak Douz yo gen kle dispansasyon total tout epòk yo, **D&A** 112:30–34. Ofisye nan prèttriz yo gen kle, **D&A** 124:123. Yon moun ki gen kle, li kapab jwenn konesans, **D&A** 128:11.

Prèttriz Aawon an gen kle administrasyon zanj ak levanjil repantans epi batèm, **I—JS** 1:69 (**D&A** 13).

Kolè. *Gade nan* Lanmou, renmen; Rayi, rayiman

Kolè se imaj tanperaman. Senyè a avèti sen L yo pou yo kontwole kolè yo (**Mat.** 5:22). Ni paran ni ti moun pa dwe abize youn lòt nan fanmi an. Nan ekriti yo, kolè souvan senbolize dife (2 **Ne.** 15:25; **D&A** 1:13).

Kayen te fache anpil, epi figi l te vin fennen, **Jen.** 4:5. Senyè a pran tan pou l fache, epi li gen anpil mizèrikòd, **Sòm** 145:8. Yon repons dous kalme kolè, **Pwov.** 15:1. Yon nonm vyolan eksite kont, men sa ki pran tan pou l fache kalme chirepit, **Pwov.** 15:18 (**Pwov.** 14:29). Akoz non mwen m ap sispan kolè m, **Eza.** 48:9. Mwen te lonje men m yo bay yon pèp ki te fèm fache toutan, **Eza.** 65:2–3.

Nenpòt moun ki frape w nan bò figi dwat, vire lòt bò a ba li tou, **Mat.** 5:39. Ou menm papa, pa fè pitit ou yo fache, **Efe.** 6:4.

Paske m te di w verite a, ou fache avè m, **Mozya** 13:4. M ap vizite pèp sa a nan kolè mwen, **Alma** 8:29.

Pa gen bagay ki fè Bondye fache konsa lè yon nonm pa konfese men l nan tout bagay, **D&A** 59:21. Mwen menm senyè a mwen fache avèk mechan an, **D&A** 63:32.

Kolonb, Siy. *Gade tou nan* Sentespri

Yon siy ki te prepare pou Janbatis te kapab rekonèt Mesi a (Jan 1:32–34). Joseph Smith te anseye siy kolonb la te tabli anvan kreyasyon mond lan kòm yon temwen pou Sentespri a; se poutèt sa, dyab la pa kapab vini sou siy yon kolonb.

Lespri Bondye te desann tankou yon kolonb, **Mat.** 3:16.

Lè Jezi te fin batize, Sentespri a te desann sou fòm yon kolonb, **1 Ne.** 11:27.

Mwenmenm, Jan, rann temwayaj, epi konsa, syèl la te ouvri epi Sentespri a te desann sou li sou fòm yon kolonb, **D&A** 93:15.

Kolosyen, Epit pou. *Gade tou nan Epit Pòl yo; Pòl*

Yon liv nan Nouvo Testaman an. Nan kòmansman, sete yon lèt Apot Pòl te ekri Kolosyen yo, lè Epafras, evanjelis Legliz Kolòs la, te fin vizite l (Kol. 1:7–8). Epafras te di Pòl konsa Kolosyen yo te tonbe nan erè grav—yo te panse yo te pi bon pase lòt moun yo poutèt yo te obsève kèk òdonans eksteryè byen (Kol. 2:16), yo te fè abstinans nan kèk bagay chanèl, epi yo te adore zanj (Kol. 2:18). Pratik sa yo te fè Kolosyen yo panse yo te santifye. Yo te panse yo konprann mistè linivè yo pi byen pase lòt manm Legliz yo. Nan lèt li a, Pòl te korige yo lè li te anseye yo, redanmsyon vini sèlman nan Kris epi nou dwe saj epi sèvi L.

Chapit 1 se salitasyon Pòl te fè Kolosyen yo. Chapit 2–3 se doktrin epi yo genyen pawòl konsènan Kris kòm Redanmtè a, danje ki genyen nan move adorasyon, ak enpòtans Rezirèksyon an. Chapit 4 la anseye Sen yo dwe saj nan tout bagay.

Kolòb

Etwal ki pi pre twòn Bondye a (Abr. 3:2–3, 9).

Abraram te wè Kolòb ak etwal yo, **Abr.** 3:2–18. Tan Senyè a an rapò avèk tan Kolòb la, **Abr.** 3:4, 9 (Abr. 5:13).

Kominyon. *Gade nan Sentsèn*

Kominyon Fratèl. *Gade tou nan Inite; Lanmou, renmen*

Pou Sen nan Dènye jou yo, kominyon vle di tou, ofri konpayi, sèvi, relve moral, epi fòtifike lòt moun.

Renmen pwochen w menm jan ak tèt pa w, **Lev.** 19:18 (Mat. 19:19; D&A 59:6).

Lè w fin konvèti, ranfòse frè w yo, **Lik** 22:32. Si w renmen youn lòt, ou se disp mwen, **Jan** 13:35. Nouri brebi m yo, **Jan** 21:15–17. Yo te priye pou nou te kapab pran responsablite pou nou fratenize ministè Sen yo, **2 Kor.** 8:1–5. Fratenite nou se avèk Papa a epi avèk Pitit Gason li a, **1 Jn.** 1:3.

Nefit yo ak Lamanit yo te fratenize youn avèk lòt, **Ela.** 6:3.

Chak moun dwe estime frè l menm jan avèk tèt pa l, **D&A** 38:24–25. Si w pa ini-fye w ou pa pou mwen, **D&A** 38:27. M resevwa w nan fratenite pou m kapab zanmi w ak frè w, **D&A** 88:133.

Konbinezon. *Gade nan Konbinezon sekrè*

Konbinezon sekrè. *Gade tou nan Kayen; Vòlè Gadyanton yo*

Yon òganizasyon moun ki lye ansanm avèk sèman pou yo akonpli move objektif gwoup la.

Papa manti yo atize pitit lèzòm nan konbinezon sekrè, **2 Ne.** 9:9. M dwe detwi zèv tenèb sekrè yo, **2 Ne.** 10:15. Jijman Bondye yo te tonbe sou pratikan konbinezon sekrè sa yo, **Alma** 37:30. Gadyanton te reyalize destriksyon prèske tout pèp Nefi a, **Ela.** 2:4–13. Satan te pale nan kè pèp la pou yo fòme sèman ak alyans sekrè, **Ela.** 6:21–31. Senyè a pa travay nan konbinezon sekrè, **Etè** 8:19. Nasyon ki pratike konbinezon sekrè, y ap detwi, **Etè** 8:22–23. Yo te rejte tout pawòl pwo-fèt yo, poutèt sosyete sekrè yo, **Etè** 11:22.

Depi nan epòk Kayen an te gen yon konbinezon sekrè, **Moyiz** 5:51.

Kondanasyon, kondane. *Gade tou nan Jij, jijman; Jijman, Dènye a*

Jije oubyen jije kòm koupab devan Bondye.

Bondye ap kondane yon moun ki gen trik mechan, **Pwov.** 12:2.

Senyè a chatye nou pou nou kapab pa kondane ansanm avèk mond lan, **1 Kor.** 11:32.

Pawòl nou, zèv nou ak panse nou ap kondane nou, **Alma** 12:14. Lèzòm tonbe anba kondanasyon, lè yo konnen sa ki bon epi yo pa fè l, **Ela.** 14:19. Si nou ta sispann travay n ap tonbe anba kondanasyon, **Mowo.** 9:6.

Yon moun ki pa padone frè l l ap kondane devan Senyè a, **D&A** 64:9. Yon moun ki peche ak yon pi gran konesans, l ap resevwa yon pi gwo kondanasyon,

Konesans

D&A 82:3. Tout Legliz la anba kondanasyon jistan yo repanti epi yo sonje Liv Mòmou an, **D&A** 84:54–57.

Konesans. *Gade tou nan*

Konpreyansyon; Sajès; Verite

Konpreyansyon, espesyalman konsènan verite jan Lespri a anseye oubyen konfime l.

Senyè a se yon Bondye ki gen konesans, **1 Sam.** 2:3. Senyè a pafè nan konesans, **Jòb** 37:16. Krent Senyè a se kòmansman konesans, **Pwov.** 1:7. Yon moun ki gen konesans, li bride bouch li, **Pwov.** 17:27. Tè a pral chaje avèk konesans Senyè a, **Eza.** 11:9 (2 Ne. 21:9; 30:15).

Ou te pran kle konesans la, **Lik** 11:52. Lanmou Kris la pase konesans, **Efe.** 3:19. Ajoute vèti nan lafwa, epi ajoute vèti nan konesans ou, **2 Pyè** 1:5.

Nefi te gen yon gran konesans konsènan bonte Bondye, **1 Ne.** 1:1. Y ap vin konnen Redanmtè yo a, **2 Ne.** 6:11. Moun ki jis yo pral gen yon konesans pafè konsènan jistis yo, **2 Ne.** 9:14. Lespri a bay konesans, **Alma** 18:35. Konesans ou pafè nan bagay sa a, **Alma** 32:34. Lamanit yo pral konnen Redanmtè yo a, **Ela.** 15:13. Ou kapab konnen pafètman se kote Bondye li soti, **Mowo.** 7:15–17.

Sen yo pral jwenn gran trezò konesans, **D&A** 89:19. Konesans ki grandi nanmoun anpil, **D&A** 121:42. Yon moun ki gen kle prèttriz sen an, li pa gen okenn difikilte pou l gen konesans konsènan reyaltite yo, **D&A** 128:11. Si yon moun jwenn konesans nan lavi sa a, li gen yon avantaj nan mond ki pral vini an, **D&A** 130:19. Li enposib pou yon moun sove nan iyorans, **D&A** 131:6.

Konfese, konfesyon. *Gade tou nan*

Padon; Repantans, repanti

Ekrityo yo itilize *konfesyon* nan de fason omwen. Nan yon sans, konfese siyifi lè yon moun deklare lafwa li nan yon bagay, tèlke konfese Jezi se Kris la (Mat. 10:32; Wom. 10:9; 1 Jn. 4:1–3; **D&A** 88:104).

Nan yon lòt sans, konfese vle di lè yon

moun admèt li gen tò, tèlke nan konfesyon peche. Se devwa tout moun pou yo konfese peche yo devan Senyè a epi pou yo jwenn padon l (**D&A** 58:42–43). Lè l nesèsè, nou dwe konfese peche nou devan moun nou te fè mal la oubyen moun te fè mal yo. Nou dwe konfese peche ki grav devan yon dirijan Legliz (pi souvan devan evèk la).

L ap konfese fè konnen li te peche, **Lev.** 5:5. Y ap konfese inikite yo, **Lev.** 26:40–42. Bay Senyè Bondye Izrayèl laglwa, epi fè konfesyon devan l, **Joz.** 7:19.

Moun te batize nan li, nan Jouden an, yo te konfese peche yo, **Mat.** 3:5–6.

Transgresè ki konfese peche l l ap padone, **Mozya** 26:29.

Konfese peche w pou pa soufri piniyon, **D&A** 19:20. Repantan yo dwe konfese epi abandone peche yo, **D&A** 58:43. Senyè a gen mizèrikòd pou moun ki konfese peche avèk yon kè enb, **D&A** 61:2. Senyè a padone peche moun ki konfese epi ki mande padon, **D&A** 64:7.

Konfirmasyon. *Gade nan Men,*

Enpozisyon

Konfyans. *Gade tou nan* Konfyans,

konfyè; Kwayans, kwè; Lafwa

Lè yon moun genyen yon asirans, kwayans, konfyans, oubyen lafwa nan yon bagay, espesyalman nan Bondye ak nan Jezikri.

Li pi bon pou moun konfyè nan Senyè a tan pou yo konfyè yo nan lèzòm, **Sòm** 118:8. Mete konfyans ou nan Senyè a, **Pwov.** 3:26.

Lè Kris la parèt, n ap gen konfyans, **1 Jn.** 2:28.

Nefit mechan yo te pèdi konfyans pitit yo, **Jakòb** 2:35.

Epi apre sa, konfyans ou pral grandi nan prezans Bondye, **D&A** 121:45.

Konfyans, konfyè. *Gade tou nan*

Konfyans; Lafwa

Lè yon moun fye oubyen plase konfyans li nan yon lòt oubyen yon bagay. Nan kesyon espiritiyèl, konfyans vle di yon moun fye Bondye ak Lespri Bondye.

Menm si l touye m, m ap konfyè m nan li, **Jòb** 13:15. Konfyè w nan Senyè a avèk tout kè w, **Pwov.** 3:5. Bondye te delivre sèvitè l yo ki te konfyè yo nan li, **Dan.** 3:19–28.

M ap konfyè m nan ou pou tout tan, **2 Ne.** 4:34. Rejwi epi mete konfyans ou nan Bondye, **Mozya** 7:19. Nenpòt moun ki mete konfyans li nan Bondye, l ap monte nan dènye jou a, **Mozya** 23:22. Nenpòt moun ki mete konfyans yo nan Bondye, l ap sipòte yo nan tribilasyon yo, **Alma** 36:3, 27.

Pa konfyè w nan ponyèt lòm, **D&A** 1:19. Mete konfyans ou nan Lespri sa a ki dirije moun fè byen an, **D&A** 11:12. Si li konfyè l nan mwen, li p ap tonbe nan konfizyon, **D&A** 84:116.

Konpasyon. *Gade tou nan* Charite; Lanmou, renmen; Mizèrikòd

Nan ekrti yo, konpasyon siyifi literalman “soufri avèk.” Li vle di tou, montre senpati, pitye, ak mizèrikòd pou lòt moun.

Senyè a mande pèp li a pou yo gen konpasyon, **Zak.** 7:8–10.

Jezi te chaje konpasyon, **Mat.** 9:36 (**Mat.** 20:34; **Mak** 1:41; **Lik** 7:13). Yon Samariten te gen konpasyon pou li, **Lik** 10:33. Gen konpasyon youn pou lòt, **1 Pyè** 3:8.

Kris la te ranpli ak konpasyon pou pitit lèzòm, **Mozya** 15:9. Zantray mwen ranpli avèk konpasyon pou ou, **3 Ne.** 17:6.

Joseph Smith te priye pou konpasyon Senyè a, **D&A** 121:3–5.

Konpòtman omoseksyèl. *Gade tou nan* Adiltè; Sansyalite, sansyèl

Asosyasyon seksyèl pami endividi ki gen menm sèks. Bondye entèdi aktivite seksyèl konsa.

Mennen yo deyò ban nou, pou nou kapab konnen yo, **Jen.** 19:1–11 (**Moyiz** 5:51–53). Ou pa dwe kouche avèk yon gason; se yon abominasyon, **Lev.** 18:22 (**Lev.** 20:13). Pitit gason Izrayèl yo pa dwe fè Sèvitè, **Det.** 23:17. Yo te deklare peche yo tankou Sodòm, yo pa t kache l, **Eza.** 3:9 (**2 Ne.** 13:9).

Gason yo te gen anvè youn pou lòt,

Konsakre, lwa konsekrasyon

Wom. 1:27. Moun ki abize tèt yo avèk gason, yo p ap eritye wayòm Bondye a, **1 Kor.** 6:9–10. Lwa a pa fèt you pou gason ki jis, men se pou moun ki avili tèt yo avèk gason, **1 Tim.** 1:9–10. Moun ki ale deyè kò sal, yo plase pou yo sèvi kòm egzanzp, pou yo soufri vanjans dife etènèl, **Jid** 1:7.

Konpreyansyon. *Gade tou nan* Konesans; Sajès; Verite

Konnen youn bagay oubyen santi siyifikasyon youn verite, ki vle di tou konnen aplikasyon verite sa a nan lavi a.

Pa apiye sou pwòp konpreyansyon w, **Pwov.** 3:5. Nan tout sa w vle genyen, chèche konpreyansyon, **Pwov.** 4:7.

Jezi te pale an parabòl epi kèk moun pa t konprann, **Mat.** 13:12–17. Senyè a te louvri konpreyansyon yo, **Lik** 24:45.

Si w pa kapab konprann pawòl sa yo, se paske w pa mande, **2 Ne.** 32:4 (**3 Ne.** 17:3). Rejis yo te prezève pou nou te kapab li epi pou nou konprann, **Mozya** 1:2–5. Poutèt enkredilite yo, yo pa t kapab konprann pawòl Bondye, **Mozya** 26:3. Yo te moun ki gen bon konpreyansyon, **Alma** 17:2–3. Pawòl la te kòmanse klere konpreyansyon m, **Alma** 32:28.

An nou rezone ansanm pou w kapab konprann, **D&A** 50:10–12, 19–23. Paran yo dwe anseye pitit yo pou yo konprann, **D&A** 68:25. Se sèlman avèk Sentespri a moun kapab konprann zèv ak mistè Bondye, **D&A** 76:114–116. Satan chèche vire kè lèzòm kont konpreyansyon, **D&A** 78:10. Limyè Kris la eklere konpreyansyon nou, **D&A** 88:11.

Konsakre, lwa konsekrasyon. *Gade tou nan* Lòd ini; Wayòm Bondye oubyen wayòm syèl la

Dedye, sanntifye, oubyen vin jis. Lalwa konsekrasyon an se youn prensip diven kote gason ak fi dedye tan yo, talan yo, ak byen materyèl pou tabli epi pou bati wayòm Bondye.

Konsakre tèt ou jodi a pou Senyè a, **Egz.** 32:29.

Tout moun ki te kwè yo te gen tout bagay ansanm, **Tra.** 2:44–45.

Konsantman jeneral

Yo te gen tout bagay ansanm nan pami yo; se poutèt sa pa t gen rich pòv, **4 Ne.** 1:3.

Senyè a te esplikè prensip konsekrasyon yo, **D&A** 42:30–39 (**D&A** 51:2–19; 58:35–36). Yon moun pa t dwe gen plis pase yon lòt, **D&A** 49:20. Chak moun te resevwa yon pòsyon egal dapre gwosè fanmi l, **D&A** 51:3. Yon lòt te tabli pou Sen yo te kapab egal nan abondans byen espirityèl ak byen materyèl, **D&A** 78:4–5. Chak moun te gen menm dwa a dapre sa li te vle ak sa li te bezwen, **D&A** 82:17–19. Se sèlman avèk lwa espirityèl Siyon kapab bati, **D&A** 105:5.

Pèp Enòk la te genyen yon sèl kè ak yon sèl lespri epi yo te rete nan jistis, epi pa t gen pòv nan pami yo, **Moyiz** 7:18.

Konsantman jeneral. *Gade tou nan* Legliz Jezikri; Soutni dirijan legliz yo

Prensip ki fè manm Legliz la soutni moun ki resevwa apèl pou yo sèvi nan Legliz la ak nan lòt desizyon ki reklame sipò yo, jeneralman pou yo montre sa, yo leve men dwat yo.

Jezikri kanpe nan tèt Legliz L a. Ak enspirasyon Sentespri a, Li dirije dirijan Legliz la nan aksyon ak desizyon enpòtan. Sepandan tout manm Legliz la gen dwa ak privilèj pou yo soutni oubyen pou yo pa soutni aksyon ak desizyon dirijan yo.

Tout pèp la te reponn avèk yon sèl vwa, **Egz.** 24:3 (Nonb 27:18–19).

Apot yo ak ansyen yo te rasanble avèk yon sèl konsantman, **Tra.** 15:25.

Pèsonn pa dwe resevwa òdinasyon san vot Legliz la, **D&A** 20:65–66. Tout bagay dwe fèt avèk konsantman jeneral, **D&A** 26:2 (**D&A** 28:13). Se pou tout bagay fèt avèk konsantman jeneral, **D&A** 104:21.

Konseye (Vèb)

Jan l itilize nan ekriti yo, konseye siyifi bay konsèy oubyen enstriksyon.

M konseye w pou w achte lò ki te teste nan dife nan men m, **Apok.** 3:18.

Pa chèche konseye Senyè a, **Jakòb** 4:10. Li konseye avèk sajès pou tout zèv li yo, **Alma** 37:12.

Peche w yo te monte kote m paske w ap chèche konsèy nan chemen pa w, **D&A** 56:14.

Konsèy (non). *Gade tou nan* Pwofèt

Avètisman, konsèy, ak enstriksyon ki sòti nan Senyè a ak dirijan òdone Li yo.

M ap ba w konsèy, **Egz.** 18:19. Bondye ap gide m ak konsèy li, **Sòm** 73:24. Lè pa gen konsèy, pèp la tonbe, **Pwov.** 11:14.

Farisyen yo ak avoka yo jete konsèy Bondye a, **Lik** 7:30.

Aprann se bon bagay si yo koute konsèy Bondye, **2 Ne.** 9:29.

Koute konsèy moun ki òdone w, **D&A** 78:2. Resevwa konsèy nan men moun mwen lonmen, **D&A** 108:1. Li chèchè etabli konsèy li olye konsèy moun mwen òdone, **D&A** 124:84. Koute konsèy sèvitè m Josèf, **D&A** 124:89. Moun ki pa chèchè mwen, p ap gen pouvwa, **D&A** 136:19.

Konsèy Douz yo. *Gade nan* Apot

Konsèy nan syèl. *Gade tou nan* Lagè nan syèl; Lavi premòtèl; Plan redanmsyon

Okazyon nan lavi premòtèl la lè Papa a te prezante plan L lan devan pitit espirityèl Li yo ki t ap vini sou tè a.

Pitit gason Bondye a te rele avèk jwa, **Jòb** 38:4–7. Egzalte twòn mwen sou tèt etwal Bondye yo, **Eza.** 14:12–13.

Te gen lagè nan syèl la, **Apok.** 12:7–11.

Anvan yo te fèt, yo te resevwa premye leson yo nan mond lespri yo, **D&A** 138:56.

Satan te revòlte nan lavi premòtèl la, **Moyiz** 4:1–4. Entelijans yo te òganize anvan mond lan te kreye, **Abr.** 3:22. Bondye yo te tabli konsèy nan pami yo, **Abr.** 4:26. Bondye yo te fini travay yo te fè konsèy pou yo te fè a, **Abr.** 5:2.

Konsolatè. *Gade tou nan* Jezikri; Sentespri

Ekriti yo pale konsènan de Konsolatè. Premye a se Sentespri a (Jan 14:26–27; Mowo. 8:26; **D&A** 21:9; 42:17; 90:11). Dezyèm Konsolatè a se Senyè Jezikri a (Jan 14:18, 21, 23). Lè yon moun gen Dezyèm

Konsolatè a, Jezikri ap parèt devan l tanzantan, l ap revele Papa epi l ap anseye l fasafas (D&A 130:3).

Konstitisyon. *Gade tou nan*
Gouvènman; Lwa

Nan Doktrin ak Alyans yo, “Konstitisyon an” vle di ak konstitisyon Etazini Damerik la, ki te gen enspirasyon diven pou l te kapab prepare chemen an pou Retablisman levanjil la.

Lwa konstitisyon an ta dwe menm pou tout moun, **D&A** 98:5–6. Senyè a te lakoz Konstitisyon an tabli, **D&A** 101:77, 80.

Konsyans. *Gade tou nan* Limyè, limyè
Kris

Santiman enteryè byen ak mal la, li soti nan Limyè Kris la ki vin nan tout moun (Mowo. 7:16). Nou fèt avèk yon kapasite natirèl pou nou distenge byen ak mal paske tout moun te resevwa Limyè Kris la (D&A 84:46). Fakilte sa a rele konsyans. Lè nou posede l sa fè nou vin moun responsab. Menm jan avèk lòt fakilte, konsyans nou kapab mouri poutèt peche oubyen lè nou itilize l mal.

Pwòp konsyans skrib yo ak Farizyen yo te kondane yo, **Jan** 8:9. Konsyans yo tou te rann temwayaj, **Wom.** 2:14–15. Konsyans aposta yo tanpe avèk yon fè cho, **1 Tim.** 4:2.

Lèzòm resevwa ase enstriksyon pou yo kapab konnen byen ak mal, **2 Ne.** 2:5. Konsyans Wa Benjamin te pwòp devan Bondye, **Mozya** 2:15. Nefit yo te chaje avèk jwa paske yo te gen lapè nan konsyans yo, **Mozya** 4:3. Zizwòm mawonnen anba yon konsyans remò, **Alma** 14:6. Nou resevwa jwa oubyen remò nan konsyans nou dapre dezi nou, **Alma** 29:5. Yon pinisyon ak yon lwa jis pote remò pou konsyans, **Alma** 42:18. Chak moun resevwa Lespri Kris la pou l kapab konnen byen ak mal, **Mowo.** 7:16.

Chak endividi ta dwe gen libète pou l ekzèse konsyans li, **D&A** 134:2. Mwen genyen yon konsyans san ofans, **D&A** 135:4.

Nou reklame privilèj pou nou adore Bondye jan konsyans nou dikte, **AL** 1:11.

Kontan, Kontantman. *Gade nan* Jwa

Kontansyon. *Gade tou nan* Rebelyon

Goumen, plede, ak diskisyon yo. Kontansyon, espesyalman ant manm Legliz Senyè a yo oubyen ant manm fanmi yo, pa fè Senyè a plèzi.

Pa dwe gen goumen ant mwen menm avèk ou, **Jan.** 13:8. Logèy koze kontansyon, **Pwov.** 13:10.

Si yon moun gen kont avèk nenpòt lòt moun, li dwe padone menm jan Kris la te padone a, **Kol.** 3:13. Evite kesyon san sans ak kontansyon, **Tit** 3:9.

Senyè a kòmande lèzòm pou yo pa goumen youn ak lòt, **2 Ne.** 26:32. Ou pa dwe kite pitit ou yo goumen ak joure youn avèk lòt, **Mozya** 4:14. Alma te kòmande pou pa gen kontansyon nan pami manm Legliz yo, **Mozya** 18:21. Satan gaye bri ak kontansyon, **Ela.** 16:22. Dyab la se papa kontansyon epi li pouse lèzòm pou yo fè kontansyon youn kont lòt, **3 Ne.** 11:29 (**Mozya** 23:15).

Tabli levanjil mwen an, pou kapab pa gen tout kontansyon sa a, **D&A** 10:62–64. Sispann fè kontansyon youn avèk lòt, **D&A** 136:23.

Konte Jackson, Missouri (Etazini Damerik). *Gade tou nan* Nouvo Jerizalèm

Kote Sen yo pral rasanble nan dènye jou yo, ki vle di, pwen santral yo pral tabli Nouvo Jerizalèm nan (D&A 57–58; 82; 101:69–71; 105:28).

Kontrenn, Kontrent. *Gade tou nan*
Sentespri

Pouse yon moun avèk fòs pou l fè yon bagay, espesyalman sou enfliyan ak pouvwa Sentespri a.

Lespri ki nan mwen an kontrenn mwen, **Jòb** 32:18.

Lanmou Kris la kontrenn nou, **2 Kor.** 5:14.

Lespri a te kontrenn mwen pou m te touye Laban, **1 Ne.** 4:10. Lespri a te kontrenn mwen, **Alma** 14:11. M kontrenn dapre alyans lan, **Alma** 60:34. Sentespri a

Konvèsyon, konvèti

te kontrenn Amawon pou l te kache rejis yo, **4 Ne.** 1:48.

Bagay ki soti nan syèl la dwe pale avèk kontrent Lespri a, **D&A** 63:64.

Konvèsyon, konvèti. *Gade tou nan* Disip; Fèt ankò, fèt nan Bondye

Lè yon moun chanje kwayans li, kè l, ak lavi l pou l aksepte epi pou l konfòme l a volonte Bondye (Tra. 3:19).

Konvèsyon an vle di tou yon dezizyon konsyans pou yon moun abandone ansyen abitud li yo pou l chanje vin tounen disip Kris la. Repantans, batèm pou padon peche, resepsyon Sentespri pa enpozisyon men, ak lafwa inebnanlab nan Senyè Jezikri a fè konvèsyon an konplè. Yon moun natirèl ap chanje vin tounen yon moun nouvo, ki sanntifye epi ki pi, ki fèt ankò nan Jezikri (2 Kor. 5:17; Mozya 3:19).

Moun dwe konvèti epi yo dwe vin tankou timoun piti yo, **Mat.** 18:3 (Mozya 3:19). Lè w fin konvèti, ranfòse frè w yo, **Lik** 22:32. Moun ki te resewva pawòl li yo ak kontantman yo te batize, **Tra.** 2:37–41. Konvèti pechè a pou wete l nan chemen erè, **Jak** 5:20.

Enòs te konvèti, **Enòs** 1:2–5. Pawòl Wa Benjamen yo te opere gran chanjman nan pèp la, **Mozya** 5:2 (Alma 5:12–14). Tout limanite dwe fèt ankò, wi, fèt nan Bondye, **Mozya** 27:25. Alma ak pitit gason Mozya yo te konvèti, **Mozya** 27:33–35. Papa Lamoni te konvèti, **Alma** 22:15–18. Avèk pouvwa epi avèk pawòl Bondye, yo te konvèti nan Senyè a, **Alma** 53:10. Repantans pote yo chanjman nan kè a, **Ela.** 15:7. Tout moun ki te konvèti yo te montre reyèlman pouvwa ak Lespri Bondye te vizite yo, **3 Ne.** 7:21. Poutèt lafwa yo nan Kris la pandan yo t ap konvèti a, yo te batize avèk dife epi avèk Sentespri a, **3 Ne.** 9:20.

Yo pral preche repantans, epi anpil moun ap konvèti, **D&A** 44:3–4.

Konvwate. *Gade tou nan* Anvi

Jan l itilize nan ekriti yo, konvwate vle di anvyè sò yon moun oubyen genyen yon anvi eksèsif pou yon bagay.

Ou pa dwe konvwate, **Egz.** 20:17 (Det. 5:21; Mozya 13:24; D&A 19:25). Yon moun ki rayi konvwatiz, l ap pwolonje lavi l, **Pwov.** 28:16. Yo te konvwate jaden epi yo te pran yo, **Miche** 2:2.

Fè atansyon avèk konvwatiz, **Lik** 12:15. Lwa a te di konsa, Ou pa dwe konvwate, **Wom.** 7:7. Nan dènye jou yo, lè-zòm ap vin konvwate, **2 Tim.** 3:1–2.

Lè Laban te wè byen nou yo, li te anvi yo, **1 Ne.** 3:25.

Ou pa dwe konvwate byen pa w, **D&A** 19:26. Sispann konvwate, **D&A** 88:123. Pa konvwate bagay ki pou frè w, **D&A** 136:20.

Konvwate, konvwatiz. *Gade tou nan* Sansyalite, sanssyèl

Lè moun gen yon dezi fò ki pa apwopriye pou yon bagay.

Pa gen konvwatiz pou belte l nan kè w, **Pwov.** 6:25.

Nenpòt moun ki gade yon fi avèk konvwatiz nan kè li, li komèt adiltè, **Mat.** 5:28 (3 Ne. 12:28). Gason yo te chofe anba konvwatiz, youn pou lòt, **Wom.** 1:27. Daprè konvwatiz pa yo, yo pral tabli enstriktè pou tèt pa yo, **2 Tim.** 4:3–4.

Laban te wè byen nou yo epi li te konvwate yo, **1 Ne.** 3:25. Sispann mache dèyè sa je w konvwate, **Alma** 39:3–4, 9.

Yon moun ki gade yon fi avèk anvi, li nye lafwa a, **D&A** 42:23. Sispann tout move konvwatiz ou yo, **D&A** 88:121.

Korentyen yo, Epit pou. *Gade tou nan* Epit Pòl yo; Pòl

De liv nan Nouvo Testaman an. Nan kòmansman sete lèt Pòl te ekri Sen Korentyen yo pou korije dezòd pami yo. Korentyen yo te viv nan yon sosyete ki te mechan moralman.

Premye Korentyen yo: Chapit 1 an gen salitasyon Pòl ak konsèy li pou Sen yo rete ini. Chapit 2–6 yo se koreksyon fot Sen Korent yo Pòl te fè. Chapit 7–12 gen repons Pòl te bay pou kèk kesyon. Chapit 13–15 konsène sou zafè charite, don espiyitèl ak Rezirèksyon an. Chapit 16 gen konsèy Pòl te bay pou moun kanpe fèm nan lafwa.

Dezyèm Korentyen yo: Chapit 1 an gen salitasyon Pòl ak yon mesaj rekonfò. Chapit 2 a gen konsèy pèsònèl pou Tit. Chapit 3–7 okipe zafè pouvwa levanjil la nan lavi Sen yo ak dirijan Sen yo. Chapit 8–9 konseye Sen yo pou yo bay pòv yo ak kè kontan, Chapit 10–12 se konsepsyon pèsònèl Pòl kòm yon Apot. Chapit 13 se reprimand Pòl pou moun vin pafè.

Koriyò. *Gade tou nan Antekris*

Yon antekris nan Liv Mòmmon an ki te egzije yon siy kòm prèv pouvwa Bondye; Senyè a te fè Koriyò vin bèbè (Alma 30:6–60).

Koryanton. *Gade tou nan Alma, pitit gason Alma*

Nan Liv Mòmmon an, yon pitit gason Alma, pitit gason Alma a.

Li t ale kote Zoramit yo, Alma 31:7. Te abandone ministè a pou l ale dèye yon postitye, Alma 39:3. Alma te enstwi l sou kondisyon egzistans apre lanmò, rezirèksyon ak ekspyasyon an, Alma 39–42. Te resevwa apèl pou l preche ankò, Alma 42:31. T ale nan peyi ki nan nò a nan yon batò, Alma 63:10.

Koryantoumr. *Gade tou nan Jaredit yo*

Nan Liv Mòmmon an, youn nan wa Jaredit yo epi dènye sivivan nasyon Jaredit la.

Pèp Zarayemla a te dekouvri l, Omni 1:21. Te wa tout peyi a, Etè 12:1–2. Charèd te kaptire l epi pitit gason l yo te libere l, Etè 13:23–24. Te batay avèk anpil ènmi, Etè 13:28–14:31. Te repanti, Etè 15:3. Te fè batay final l la avèk Chiz, Etè 15:15–32.

Kouraj, ankouraje. *Gade tou nan Krent, krentif; Lafwa*

Pa gen krent espesyalman nan fè sa ki bon.

Se pou w fò epi gen bon kouraj, Det. 31:6 (Joz. 1:6–7). Gen anpil kouraj pou w respekte epi pou w fè tout sa ki ekri, Joz. 23:6.

Bondye pa t ban nou lespri pèrèz, 2 Tim. 1:7.

Kè te pran kouraj lè l te tande, Alma

15:4 (Alma 62:1). Pitit gason Elaman yo te vanyan anpil pou kouraj, Alma 53:20–21. M pa t janm wè moun gen kouraj konsa, Alma 56:45.

Kouraj, frè m yo, epi an avan, an avan pou viktwa, D&A 128:22.

Koute. *Gade tou nan Obeyi, obeyisan, obeyisans; Zòrèy*

Tande epi obeyi vwa oubyen ansèyman Senyè a.

Senyè a ap leve yon pwofèt menm jan avèk Moyiz, epi pèp la dwe koute l, Det. 18:15. Koute pi bon pase grès belye sakrifis yo, 1 Sam. 15:20–23. Nou pa t koute sèvitè Senyè yo, pwofèt yo, Dan. 9:6.

Moun jis ki koute pawòl pwofèt yo, yo p ap peri, 2 Ne. 26:8. Si w pa koute pawòl bon bèje a, ou pa brebi li, Alma 5:38 (Ela. 7:18).

Koute, ou menm pèp legliz mwen an, D&A 1:1. Moun ki koute vwa Lespri a, yo eklere epi yo vin jwenn Papa a, D&A 84:46–47. Yo te lan pou yo koute Senyè a; se poutèt sa, li lan pou l koute priyè yo, D&A 101:7–9. Moun ki pa vle koute kòmandman yo, yo chatye, D&A 103:4 (Moyiz 4:4).

Kouwòn. *Gade tou nan Lavi etènèl*

Yon dekorasyon won kèk dirijan mete sou tèt yo. Li kapab senbolize pouvwa selès, dominasyon, ak divinite. Moun ki reziste jis nan finisman nan respekte kòmandman Bondye yo ap resevwa yon kouwòn lavi etènèl. (Gade nan D&A 20:14; Moyiz 7:56; M—JS 1:1.)

Se la ki gen yon kouwòn jistis pou mwen, 2 Tim. 4:8. W ap resevwa yon kouwòn glwa ki p ap blaze, 1 Pyè 5:4.

Moun ki mouri nan Senyè a y ap resevwa yon kouwòn jistis, D&A 29:13. Y ap resevwa yon kouwòn nan wayòm Papa m yo, D&A 59:2. Senyè a prepare Sen yo pou yo monte jwenn kouwòn ki te prepare pou yo a, D&A 78:15. Senyè a te pwomèt Sen l yo yon kouwòn glwa bò kote dwat li, D&A 104:7.

Kowòm. *Gade tou nan Prètriz*

Mo *kowòm* nan kapab itilize nan de

Kò

fason: (1) Yon gwoup gason detèmine ki gen menm ofis nan prèttriz la. (2) Yon majorite, oubyen kantite minimòm manm yo nan yon gwoup prèttriz ki dwe patisipe nan yon reyinyon pou dirije Zafè Legliz la (D&A 107:28).

Kowòm Premye Prezidans lan, Douz yo, ak Swasanndis yo epi relasyon youn genyen avèk lòt dekri, **D&A** 107:22–26, 33–34 (D&A 124:126–128). Desizyon kowòm sa yo dwe inanim, **D&A** 107:27. Desizyon yon kowòm dwe fèt avèk tout jistis, **D&A** 107:30–32. Devwa prezidan kowòm prèttriz yo dekri, **D&A** 107:85–96. Kowòm ansyen yo òganize pou minisè lokal, **D&A** 124:137.

Kò. *Gade tou nan* Lanmò, fizik; Mòtalite, mòtèl; Nanm; Rezirèksyon

Ekriti mòtèl fizik ki fèt avèk chè ak zo ki te kreye dapre imaj Bondye ki konbine avèk yon lespri pou vin tounen yon moun vivan. Kò fizik tout gason ak tout fi ap vin reyini etènèlman avèk lespri yo nan Rezirèksyon an. Kèk fwa ekriti yo pale de yon kò ak yon lespri ki reyini ansanm kòm yon nanm (Jen. 2:7; D&A 88:15; Moyiz 3:7, 9, 19; Abr. 5:7).

Senyè Bondye a te fòme lèzòm avèk pousyè tè a, **Jen.** 2:7 (Moyiz 3:7).

Touche m pou w wè, paske yon lespri pa gen chè ak zo, **Lik** 24:39. M disiplin kò m epi m fè l soumèt li, **1 Kor.** 9:27. Gen yon kò natirèl epi gen yon kò espiyèl, **1 Kor.** 15:44. San lespri a, kò a mouri, **Jak** 2:26.

Kò mòtèl l ap leve kòm yon kò imòtèl, **Alma** 11:43–45. Chak pati nan kò a ap resisite, **Alma** 41:2. Jezi te montre Nefit yo kò resisite l la, **3 Ne.** 10:18–19; 11:13–15.

Papa a gen yon kò chè ak zo ki touchab menm jan ak kò moun; Pitit Gason an tou, **D&A** 130:22.

Bondye te kreye gason ak fi nan imaj kò pa l, **Moyiz** 6:9 (Jen. 9:6).

Kòmandman, dis yo. *Gade tou nan* Kòmandman Bondye yo; Moyiz

Lwa Bondye te bay pwofèt Moyiz pou gwouvèn konpòtman moral.

Non Ebre pou lwa sa yo se “Dis Pawòl yo.” Yo rele yo Alyans lan tou (Det. 9:9) oubyen Temwayaj la (Egz. 25:21; 32:15). Lè Bondye t ap bay Moyiz Dis Kòmandman yo pou Izrayèl la, dekri nan Egzòd 19:9–20:23; 32:15–19; 34:1. Kòmandman yo te grave sou de tablo wòch ki te plase nan Bwat la; konsa Bwat la te rele Bwat alyans lan (Nonb 10:33). Senyè a, te fè sitiyasyon nan Det. 6:4–5 ak Lev. 19:18, te rezime Dis Kòmandman yo fè “de gran kòmandman” (Mat. 22:37–39).

Dis Kòmandman yo te repete nan revelasyon dènye jou yo (TJS, Egz. 34:1–2, 14 [Apendis]; Mozya 12:32–37; 13:12–24; D&A 42:18–28; 59:5–13).

Kòmandman Bondye yo. *Gade tou nan* Kòmandman, dis yo; Lwa; Obeyi, obeyisan, obeyisans; Pawòl Bondye; Peche

Lwa ak egzijans Bondye bay lèzòm, kit se endividyèlman kit se kolektivman. Respekte kòmandman yo ap pote benediksyon Senyè a pou moun ki obeyisan (D&A 130:21).

Noye te fè tout bagay Bondye te kòmande l, **Jen.** 6:22. Mache nan prensip mwen yo epi respekte kòmandman mwen yo, **Lev.** 26:3. Respekte kòmandman mwen yo, epi viv, **Pwov.** 4:4 (Pwov. 7:2).

Si w renmen m, respekte kòmandman m yo, **Jan** 14:15 (D&A 42:29). Nenpòt sa nou mande, nou resevwa nan men l, paske nou respekte kòmandman l yo, **1 Jn.** 3:22. Kòmandman l yo pa di, **1 Jn.** 5:3.

Respekte kòmandman m yo tennfas, **1 Ne.** 2:10. Senyè a pa bay okenn kòmandman san l pa prepare chemen an, **1 Ne.** 3:7. M dwe aji dapre kòmandman strik Bondye yo, **Jakòb** 2:10. Tout tan w respekte kòmandman m yo, w ap pwospere nan peyi a, **Jawòm** 1:9 (Alma 9:13; 50:20). Pandan w jèn, aprann respekte kòmandman Bondye yo, **Alma** 37:35.

Se mwen ki te bay kòmandman sa yo, **D&A** 1:24. Etidye kòmandman sa yo, **D&A** 1:37. Moun ki pa respekte kòmandman m yo p ap kapab sove, **D&A** 18:46

(D&A 25:15; 56:2). Moun ki pa respekte kòmandman m yo espiyèl; yo pa ni natirèl ni tanporèl, **D&A** 29:35. Nou gen kòmandman yo pou nou kapab konnen volonte Senyè a, **D&A** 82:8.

M pa konnen, sèl sa m konnen Senyè a te kòmande m, **Moyiz** 5:6. Senyè a teste lèzòm pou l wè si y ap fè tout sa li kòmande yo, **Abr.** 3:25.

Kòmansman. *Gade tou nan* Jezikri; Kreyasyon, kreye; Lavi premètèl

Jeneralman li fè nou panse a epòk anvan lavi mòtèl sa a—ki vle di, lavi premètèl la. Kèk fwa yo rele Jezikri kòmansman.

Nan kòmansman Bondye te kreye syèl la ak tè a, **Jen.** 1:1 (Moyiz 2:1).

Pawòl la te egziste nan kòmansman, **Jan** 1:1.

M se Alfa ak Omega, kòmansman an ak fen an, **3 Ne.** 9:18.

Kris se kòmansman an ak fen an, **D&A** 19:1. Nouvo alyans etènèl la te egziste depi nan kòmansman, **D&A** 22:1. Lèzòm te avèk Bondye nan kòmansman, **D&A** 93:23, 29. Gen gran lespri nòb ki te chwazi nan kòmansman pou yo sèvi kòm dirijan, **D&A** 138:55.

Sèl Pitit Literal mwen an te avèk mwen depi nan kòmansman, **Moyiz** 2:26.

Kònèy. *Gade tou nan* Janti yo; Pyè; Santiryon

Yon Santiryon Pyè te batize nan Sezare (Tra. 10). Petèt li se premye janti ki te vin manm Legliz la san l pa t konvèti nan Jidayis anvan. Batèm Kònèy la ak fanmi li te ouvri chemen an pou levanjil la kapab preche bay Janti yo. Se Pyè, chéf Apot yo, ki te gen kle wayòm Bondye a sou tè a nan epòk sa a ki, te dirije predikasyon sa a.

Krent, krentif. *Gade tou nan* Kouraj, ankouraje; Lafwa; Reverans

Krent kapab gen de siyifikasyon: (1) krent Bondye vle di genyen reverans pou Li epi obeyi kòmmandman Li yo; (2) krent moun, danje mòtèl, doulè, ak sa ki mal se

lè moun pè bagay konsa ak lè yo efreye devan yo.

Krent Bondye: Reyèlman krent Bondye pa nan kote sa a, **Jen.** 20:11. Ou dwe krenn Senyè Bondye w la, **Det.** 6:13 (Joz. 24:14; 1 Sam. 12:24). Sèvi Senyè a avèk krent, **Sòm** 2:11. Krent Senyè a se kòmansman sajès, **Sòm** 111:10. Krenn Senyè a epi soti nan mal, **Pwov.** 3:7. L ap bon pou a moun ki krenn Bondye, **Ekl.** 8:12.

Travay pou sali pa w avèk krent epi avèk tranbleman, **Filip.** 2:12. Krenn Bondye, epi ba l glwa, **Apok.** 14:7 (D&A 88:104).

Pwofèt yo te souleve pèp la tout tan pou kenbe yo nan krent Senyè a, **Enòs** 1:23. Alma ak pitit gason Mozya yo te tonbe atè a, paske krent Senyè a te vin sou yo, **Alma** 36:7. Travay pou sali w avèk krent epi avèk tranbleman, **Mòm.** 9:27.

Moun ki pa krenn mwen yo, m ap twouble yo epi m ap fè yo tranble, **D&A** 10:56. Yon moun ki krenn mwen, l ap chèche siy aparisyon Pitit Gason Lòm Nan, **D&A** 45:39.

Krent lèzòm: Pa krenn, paske m avèk ou, **Jen.** 26:24 (Eza. 41:10). Senyè a avèk nou: pa krenn yo, **Nonb** 14:9. Pa krenn: paske sa ki avèk nou yo plis, **2 Wa** 6:16. M p ap krenn sa moun kapab fè, **Sòm** 56:4. Pa krenn repwòch lèzòm, **Eza.** 51:7 (2 Ne. 8:7).

Bondye pa t ban nou lespri krentif, **2 Tim.** 1:7. Lanmou pafè chase krent, **1 Jn.** 4:18 (Mowo. 8:16).

Pitit gason Elaman yo p ap krenn lanmò, **Alma** 56:46–48. Krent lanmò chaje pwatrin moun ki mechan, **Mòm.** 6:7. Pa krenn sa lèzòm kapab fè, **Mowo.** 8:16.

Ou pa t dwe krenn lèzòm plis pase Bondye, **D&A** 3:7 (D&A 30:1, 11; 122:9). Pa krenn fè byen, **D&A** 6:33. Nenpòt moun ki fè pati nan legliz mwen an, li pa dwe krenn, **D&A** 10:55. Si w prepare ou p ap krenn, **D&A** 38:30. Debarase tèt ou anba krent, **D&A** 67:10. Fè kè w kontan epi pa krenn, paske mwen menm Senyè a, m avèk ou, **D&A** 68:6. Pa krenn ènmi w yo, **D&A** 136:17.

Kretyen yo

Kretyen yo. *Gade tou nan* Disip; Sen (non)

Yon non moun ki kwè nan Jezikri yo pote. Byenke tèm sa a itilize kouraman nan tout mond lan, Senyè a te deziye moun k ap suiv Kris yo tout bon yo kòm Sen (Tra. 9:13, 32, 41; 1 Kor. 1:2; D&A 115:4).

Disip yo te pote non Kretyen, **Tra.** 11:26. Si nenpòt moun soufri kòm yon Kretyen, li pa dwe wont, **1 Pyè** 4:16.

Poutèt alyans lan, w ap rele pitit Kris yo, **Mozya** 5:7. Moun ki pa t manm Legliz yo te rele vrè kwayan yo Kretyen, **Alma** 46:13–16.

Kreyasyon, kreye. *Gade tou nan* Jezikri; Jou Saba; Kòmansman; Kreyasyon lespri; Tè

Oganize. Bondye, pa mwayen Pitit Gason li a, Jezikri, te òganize eleman ki nan nati a pou l fòme syèl yo ak tè a. Papa nou nan Syèl ak Jezikri te kreye lèzòm dapre imaj pa yo (**Moyiz** 2:26–27).

Nan kòmansman Bondye te kreye syèl la ak tè a, **Jen.** 1:1. An nou kreye lèzòm nan imaj pa nou, **Jen.** 1:26 (**Moyiz** 2:26–27; **Abr.** 4:26).

Li te kreye tout bagay, **Jan** 1:3, 10. Pa mwayen li tout bagay nan syèl la te kreye, **Kol.** 1:16 (**Mozya** 3:8; **Ela.** 14:12). Bondye te kreye mond yo ak Pitit Gason l lan, **Ebre** 1:2.

Lèzòm te kreye nan kòmansman, **Mozya** 7:27. M te kreye syèl la ak tè a epi ak tout bagay, **3 Ne.** 9:15 (**Mòm.** 9:11, 17). Tout moun te kreye nan kòmansman nan imaj mwen, **Etè** 3:15.

Jezikri te kreye syèl la ak tè a, **D&A** 14:9. Li te kreye lèzòm, gason ak fi dapre imaj pa li, **D&A** 20:18.

Te tèlman kreye anpil mond l yo pa kapab konte, **Moyiz** 1:33. Ak Sèl Pitit Literal mwen an m te kreye syèl la, **Moyiz** 2:1. Mwen menm, Senyè Bondye a, m te kreye tout bagay espirityèlman anvan yo te vin natirèlman sou fas tè a, **Moyiz** 3:5. Anpil milyon tè tankou sa pa menm yon kòmansman pou kantite kreyasyon w yo, **Moyiz** 7:30. Bondye

yo te òganize epi yo te fòme syèl la, **Abr.** 4:1.

Kreyasyon lespri. *Gade tou nan* Kreyasyon, kreye; Lèzòm, lòm

Senyè a te kreye tout bagay espirityèlman anvan Li te kreye yo fizikman (**Moyiz** 3:5).

Senyè a te fè chak plant anvan yo te sou tè a, **Jen.** 2:4–6 (**Abr.** 5:5).

Avèk pouvwa Lespri m, m te kreye tout bagay—premyèman espirityèl, dezyèmman tanporèl, **D&A** 29:31–32. Bagay ki tanporèl sanble ak bagay espirityèl, **D&A** 77:2.

M te fè mond lan ak lèzòm anvan yo te nan lachè, **Moyiz** 6:51.

Kreyatè. *Gade nan* Jezikri; Kreyasyon, kreye

Kris. *Gade nan* Jezikri

Krisifiksyon. *Gade tou nan* Ekspyasyon, ekspye; Gòlgota; Jezikri; Kwa

Yon kalite ekzekisyon Women, ki te popilè nan tan Nouvo Testaman an, yo te mare oubyen kloure men ak pye moun nan sou yon kwa pou yo touye l. Sete sèlman esklav ak kriminèl pi mal yo yo te konn fè sa. Anvan krisifiksyon an souvan rigwaz ak baton (**Mak** 15:15). An jeneral moun yo pral krisifye a te oblije pote kwa pa l la nan kote ekzekisyon an ta pral fèt la (**Jan** 19:16–17). An jeneral sòlda yo ki ekzekite santans lan te konn pran rad li yo (**Mat.** 27:35). Yo te konn anfonse kwa a nan tè a pou pye moun nan te ka rete a sèlman youn oubyen de pye anlè tè a. Sòlda te konn siveye kwa a jiskaske moun ki sou kwa a te mouri, sa ki te menm dire jiska twa jou pafwa (**Jan** 19:31–37).

Jezikri te krisifye paske yon gwoup enkredil te akize L fosman kòm rebèl kont Seza epi ak blasfèm poutèt Li te di Li se Pitit Gason Bondye a. Jezi te resevwa yon wòb vyolèt (**Jan** 19:2), yon kouwòn pikan, ak lòt jouman (**Mat.** 26:67; **Mak** 14:65).

Mechan yo ap pèse men ak pye Mesi a,

Sòm 22:11–18. Kris la prale tankou yon ti Mouton nan labatwa, **Eza.** 53:7.

Jezi predi krisifiksyon l, **Mat.** 20:18–19. Krisifiksyon Kris la dekri, **Mat.** 27:22–50 (Mak 15:22–37; Lik 23:26–46; Jan 19:17–30).

Nefi te wè krisifiksyon ti Mouton Bondye a nan vizyon, **1 Ne.** 11:33. Nefi te pale konsènan soufrans ak krisifiksyon Kris la, **1 Ne.** 19:9–14. Jakòb te pale konsènan ministè ak krisifiksyon Sen Izrayèl la, **2 Ne.** 6:9. Tanpèt, tranbleman tè, dife, ak toubiyon nan Amerik la pwouve krisifiksyon Kris la nan Jerizalèm, **3 Ne.** 8.

M se Jezi ki te krisifye a, **D&A** 45:51–52. Ministè Kris la nan pami lespri nan prizon yo te limite depi nan lè lanmò l la ak rezirèksyon an, **D&A** 138:27.

Kwa. *Gade tou nan* Ekspyasyon, ekspye; Gòlgota; Jezikri; Krisifiksyon; Sentsèn

Estrikti an bwa kote yo te mete Jezikri pou krisifye l la (Mak 15:20–26). Jodi a, anpil moun nan mond lan panse li se senbòl Krisifiksyon ak sakrifis ekspyativwa Kris la; sepandan, Senyè a te tabli senbòl pa L pou Krisifiksyon ak sakrifis Li a—pen ak dlo sentsèn nan (Mat. 26:26–28; D&A 20:40, 75–79). Nan ekrti yo, moun ki pran kwa yo se moun ki tèlman renmen Jezikri, yo debarase kò yo ak enpyete, ak tout konvwatiz monden epi ki respekte kòmandman L yo (TJS, Mat. 16:25–26 [Apendis]).

Pran kwa a, epi suiv mwèn, **Mak** 10:21 (3 Ne. 12:30; D&A 23:6). Jezi te sipòte kwa a epi li chita bò kote dwat twòn Bondye a, **Ebre** 12:2.

Yo te leve l sou kwa a epi yo te touye l pou peche mond lan, **1 Ne.** 11:33. Moun ki sipòte kwa mond lan y ap eritye wayòm Bondye a, **2 Ne.** 9:18. Papa m te voye m pou yo te kapab mete m sou kwa a, **3 Ne.** 27:14–15.

Yon moun ki pa pote kwa l, ki pa suiv mwèn epi ki pa respekte kòmandman m yo, moun sa a p ap sove, **D&A** 56:2.

Gade Pitit Gason Lòm nan ki anlè sou yon kwa a, **Moyiz** 7:55.

Kwayans, kwè. *Gade tou nan* Enkredilite; Jezikri; Konfyans, konfyè; Lafwa

Gen lafwa nan yon moun oubyen akseptè yon bagay kòm verite. Yon moun dwe repanti epi kwè nan Jezikri pou l kapab sove nan wayòm Bondye a (D&A 20:29).

Kwè nan Senyè Bondye w la; kwè nan pwofèt li yo, **2 Kwo.** 20:20. Anyen pa t rive Danyèl nan kaj lyon an paske li te kwè nan Bondye, **Dan.** 6:23.

Jan w kwè a, se konsa w ap resevwa, **Mat.** 8:13. Nenpòt sa w mande nan priyè, si w kwè, w ap resevwa l, **Mat.** 21:22. Pa pè, sèlman kwè, **Mak** 5:36. Tout bagay posib pou moun ki kwè, **Mak** 9:23–24. Moun ki kwè epi ki batize ap sove, **Mak** 16:16 (2 Ne. 2:9; 3 Ne. 11:33–35). Moun ki kwè nan Pitit Gason an ap gen lavi etènèl, **Jan** 3:16, 18, 36 (Jan 5:24; D&A 10:50). Nou kwè epi nou si w se Kris la, **Jan** 6:69. Moun ki kwè nan mwèn, menm si li ta mouri, l ap viv, **Jan** 11:25–26. Nou menm, moun ki kwè yo, nou antre nan repo li a, **Ebre** 4:3. Kwè nan Jezikri, epi renmen youn lòt, **1 Jn.** 3:23.

Mesi a p ap detwi pèsonn ki kwè nan li, **2 Ne.** 6:14. Juif yo ap sibi pèsèksyon jistan yo kwè nan Kris, **2 Ne.** 25:16. Si w kwè bagay sa yo, pratike yo, **Mozya** 4:10. Pitit Gason an ap pran transgresyon moun ki kwè nan non l yo sou tèt pa l, **Alma** 11:40. Moun ki kwè nan pawòl Bondye san yo pa fòse l, l ap beni, **Alma** 32:16. Si sèlman ou kapab anvè kwè, kite anvè sa a travay nan ou, **Alma** 32:27. Si w kwè nan non Kris la, w ap repanti, **Ela.** 14:13. Moun ki kwè nan Kris, yo kwè nan Papa a tou, **3 Ne.** 11:35. Pa janm te gen moun ki kwè nan Senyè a menm jan avèk frè Jarèd la, **Etè** 3:15. Tout bagay ki pèsyade moun kwè nan Kris se pouvwa Kris ki voye l, **Mowo.** 7:16–17.

Moun ki kwè nan pawòl Senyè a y ap resevwa yon manifestasyon Lespri a, **D&A** 5:16. Moun ki kwè nan non Senyè a ap vin tounen pitit gason Bondye, **D&A** 11:30 (Jan 1:12). Kèk moun gen don pou yo kwè nan pawòl lòt moun, **D&A** 46:14.

Kwonik

Siy ap suiv moun ki kwè, **D&A** 58:64 (D&A 63:7-12).

Moun ki kwè, ki repanti, epi ki batize y ap resewva Sentespri a, **Moyiz** 6:52.

Kwonik

De liv nan Ansyen Testaman an. Yo rakonte yon istwa rezime konsènan evènman yo depi nan Kreyasyon an jis nan pwoklamasyon Wa Siris te fè pou l te kite Juif yo retounen nan Jerizalèm nan.

Premye Kwonik: Chapit 1-9 anrejistre jenyaloji depi nan Adan jis nan Sayil. Chapit 10 la anrejistre lanmò Sayil. Chapit 11-22 a trase evènman ki asosye avèk Wa David. Chapit 23-27 esplike Salomon te wa epi Levit yo te òganize nan lòd. Chapit 28 esplike David te kòmande Salomon pou l bati yon tanp. Chapit 29 la anrejistre lanmò David.

Dezyèm Kwonik: Chapit 1-9 trase evènman ki asosye avèk gouvènman Salomon. Chapit 10-12 pale konsènan gouvènman pitit gason Salomon an, Robowam, pandan epòk sa a wayòm inifye pèp Izrayèl la te divize fè wayòm Nò ak wayòm Sid. Chapit 13-36 dekri pouvwa anpil wa jistan Nebikadneza te mete nan kaptivite wayòm Jida a. Liv la fini ak pwoklamasyon Siris la ki te pèmèt pèp kaptif Jida a te kapab retounen nan Jerizalèm.

Kwonoloji

Gade Kwonoloji nan apendis la

Laban, frè Rebeka. *Gade tou nan Rebeka*

Nan Ansyen Testaman an, yon frè Rebeka epi papa Leya ak Rachèl, madanm Jakòb yo (Jen. 24:29-60; 27:43-44; 28:1-5; 29:4-29; 30:25-42; 31).

Laban, Gadyen Plak deren yo. *Gade tou nan Plak deren*

Nan Liv Mòmòn an, nèg ki te kenbe Plak deren yo nan Jerizalèm nan epòk fanmi Leyi a. Laban te vòlè epi li te eseye touye Nefi ak frè li yo (1 Ne. 3:1-27).

Lespri a te dirije Nefi pou l touye Laban pou l te kapab pran plak yo (1 Ne. 4:1-26).

Lacharite. *Gade nan Fè lacharite, lacharite*

Lachè. *Gade tou nan Chanèl; Kò; Lòm natirèl; Mòtalite, mòtèl*

Lachè gen plizyè siyifikasyon: (1) tisi moun ki fòme kò limanite, bèt yo, zwazo yo, oubyen pwason yo; (2) mòtalite; oubyen (3) nati fizik oubyen chanèl lèzòm.

Materiyèl kò: Bèt y ap sèvi w kòm vyann, **Jen.** 9:3. Moun pa dwe touye bèt san rezon, **TJS, Jen.** 9:10-11 (D&A 49:21).

Bèt ak zwazo se pou moun manje epi pou yo itilize kòm rad, **D&A** 49:18-19 (D&A 59:16-20). Nou pa dwe manje anpil vyann, **D&A** 89:12-15.

Mòtalite: Jezi se sèl pitit Papa a nan mòtalite, **Jan** 1:14 (Mozya 15:1-3).

Adan te vin premye moun, **Moyiz** 3:7.

Nati chanèl lèzòm: Yon moun ki kwè nan fòs ponyèt li, l ap modi, **Jer.** 17:5.

Lespri a byen dispoze, men kò a feblès, **Mak** 14:38. Konvwate kò fizik pa soti nan Papa a, **1 Jn.** 2:16.

Nefi te tris poutèt kò li ak inikite li yo, **2 Ne.** 4:17-18, 34. Pa rekonsilye w avèk dyab la epi avèk kò a, **2 Ne.** 10:24.

Lafwa. *Gade tou nan Esperans; Jezikri; Konfyans, konfyè; Kwayans, kwè*

Konfyans nan yon bagay oubyen yon moun. Jan yo itilize l pi souvan nan ekriti yo, lafwa se konfyans ak kwayans nan Jezikri ki fè yon moun obeyi Li. Lafwa dwe santre sou Jezikri pou l kapab kondi yon moun nan sali. Sen Dènnye jou yo gen lafwa tou nan Papa Bondye, Sentespri a, pouvwa prèttriz la ak lòt aspè enpòtan nan levanjil retabli a.

Esperans bagay ki pa vizib, men ki vre, fè pati lafwa, (Ebre 11:1; Alma 32:21; Etè 12:6). Lafwa moun limen lè y ap tande sèvitè otorize Bondye voye pou preche yo levanjil la (Wom. 10:14-17). Mirak pa pwodui lafwa, men se obeyisans nan levanjil Jezikri la ki devlope lafwa solid.

Sa vle di, se jistis ki pwodui lafwa (Alma 32:40–43; Etè 12:4, 6, 12; D&A 63:9–12).

Vrè lafwa mennen mirak, vizyon, rèv, gerizon, ak tout don Bondye bay Sen Li yo. Avèk lafwa yon moun resevwa padon pou peche li yo epi finalman li kapab rete nan prezans Bondye. Lè yon moun manke lafwa, mennen moun nan dezespwa, ki vini akòz inikite (Mowo. 10:22).

Jis yo pral viv avèk lafwa, **Aba**. 2:4.

Lafwa w geri w, **Mat**. 9:22 (Mak 5:34; Lik 7:50). Jan lafwa w ye a se konsa sa ap ye pou ou, **Mat**. 9:29. Si ou gen lafwa menm jan ak yon grenn moutad, anyen p ap enposib pou ou, **Mat**. 17:20 (Lik 17:6). M te priye pou ou, pou lafwa w pa abandone w, **Lik** 22:32. Lafwa nan Kris te fè nonm sa a vin fò, **Tra**. 3:16. Lafwa vini lè moun ap tandè pawòl Bondye, **Wom**. 10:17. Si Kris pa t resisite lafwa w anven tou, **1 Kor**. 15:14. Lafwa travay nan lanmou, **Gal**. 5:6. Ak gras, ou sove nan lafwa, **Efe**. 2:8 (2 Ne. 25:23). Pran pwoteksyon lafwa a, **Efe**. 6:16 (D&A 27:17). M te fini kous mwen an, m te kenbe lafwa a, **2 Tim**. 4:7. Lafwa a se asirans nan bagay yon moun espere, **Ebre** 11:1. San lafwa li enposib pou fè l plèzi, **Ebre** 11:6. San zèv, lafwa a mouri, **Jak** 2:17–18, 22.

M pral fè bagay Senyè a te kòmande m yo, **1 Ne**. 3:7. Senyè a kapab fè tout bagay pou lèzòm, si yo mete lafwa nan li, **1 Ne**. 7:12. Egwi yo nan Lyawona a fonksyone dapre lafwa, **1 Ne**. 16:28. Repanti, epi batize nan non l, gen lafwa total nan Sen an, **2 Ne**. 9:23. Kris fè gran mirak nan pami lèzòm dapre lafwa yo, **2 Ne**. 26:13 (Etè 12:12; Mowo. 7:27–29, 34–38). Peche Enòs yo te padone poutèt lafwa l nan Kris, **Enòs** 1:3–8. Okenn moun pa gen sali san lafwa nan Senyè Jezikri a, **Mozya** 3:12. Kè yo chanje poutèt lafwa nan non l, **Mozya** 5:7. Sèvitè Bondye yo resevwa repons priyè yo dapre lafwa yo, **Mozya** 27:14. Ban nou fòs dapre lafwa nou nan Kris, **Alma** 14:26. Rele non Bondye avèk lafwa, **Alma** 22:16. Lafwa pa vle di pou moun genyen yon konesans pafè konsènan tout bagay, **Alma** 32:21 (Etè 12:6). Lè l kòmanse devlope, lè sa a, nourri l avèk lafwa w, **Alma** 33:23 (Alma 32:28). Yo te

prezève poutèt pouvwa mirakile Bondye akòz gran lafwa yo te genyen, **Alma** 57:25–27. Tout moun ki leve tèt gade Pitit Gason Bondye a avèk lafwa kapab sove, **Ela**. 8:15. M wè lafwa w ase pou m geri w, **3 Ne**. 17:8. Lafwa se bagay moun espere, san yo pa wè l, **Etè** 12:6. Tout moun ki fè mirak, yo fè l avèk lafwa, **Etè** 12:12–18. Si yo gen lafwa nan mwen, lè sa a m ap fè bagay fèb vin fò pou yo, **Etè** 12:27–28, 37. Mòmon te anseye konsènan lafwa, esperans, ak charite, **Mowo**. 7. Nenpòt bagay ki bon ou mande Papa a nan non m, avèk lafwa, si w kwè w ap resevwa, reyèlman, w ap resevwa l, **Mowo**. 7:26. Moun ki gen lafwa nan Kris y ap pwowche bò tout bon bagay, **Mowo**. 7:28. Si w mande, avèk lafwa nan Kris, l ap fè w konnen verite a, **Mowo**. 10:4.

San lafwa ou pa kapab fè okenn bagay; se poutèt sa, mande avèk lafwa, **D&A** 8:10. Y ap resevwa dapre lafwa yo nan priyè yo, **D&A** 10:47, 52. Tout moun dwe reziste avèk lafwa nan non l jiska lafen, **D&A** 20:25, 29. W ap resevwa Lespri a nan priyè avèk lafwa, **D&A** 42:14. Se pa siy ki mennen lafwa, men siy ap suiv tout moun ki kwè, **D&A** 63:9–12. Paran yo dwe anseye pitit yo lafwa nan Kris, **D&A** 68:25. Chèche konesans, nan etid epi avèk lafwa tou, **D&A** 88:118.

Lafwa nan Senyè Jezikri a se premye prensip levanjil la, **AL** 1:4.

Lagè. *Gade tou nan Lapè*

Yon batay oubyen yon konfli avèk zam; goumen avèk zam. Senyè a apwouve lagè sèlman kòm yon dènye mwayen pou Sen Li yo defann fanmi yo, pwopriyete yo, dwa yo, privilèj yo ak libète yo (Alma 43:9, 45–47).

Mowoni te chèche defann pèp li a, dwa l, peyi l, ak relijyon l, **Alma** 48:10–17.

Joseph Smith te resevwa revelasyon ak pwofesi konsènan lagè, **D&A** 87. Renonse lagè epi pwoklame lapè, **D&A** 98:16, 34–46. Nou kwè lèzòm jistifye lè yo defann tèt yo, zanmi yo, pwopriyete yo, ak gouvenman yo, **D&A** 134:11.

Nou kwè nou dwe obeyi, onore epi soutni lwa yo, **AL** 1:12.

Lagè nan syèl

Lagè nan syèl. *Gade tou nan* Konsèy nan syèl; Lavi premòtèl

Konfli ki te fèt nan lavi premòtèl ant pitit lespri Bondye yo.

Yo te chase Satan soti nan syèl la voye sou tè a, **Apok.** 12:4, 7–9.

Dyab la ak yon tyè nan syèl la te tonbe anba, **D&A** 29:36–37. Lisifè te revòlte kont Sèl Pitit Gason Literal la, **D&A** 76:25–26.

Satan te vle glwa Papa a epi li te vle detwi lib abit lòm, **Moyiz** 4:1–4 (Eza. 14:12–15; Abr. 3:27–28). Moun ki te suiv Bondye yo te kenbe premye eta yo a, yo te vin sou tè a, epi yo te resevwa yon kò, **Abr.** 3:26.

Lajan. *Gade tou nan* Dim, dizyèm; Fè lacharite, lacharite; Mondanite; Richès

Monnen, papye, sètifika oubyen yon bagay moun itilize pou yo pèyman pou machandiz oubyen sèvis. Kèk fwa li se yon senbòl materyalis.

M ap rachte w san lajan, **Eza.** 52:3.

Yo te di Douz yo pou yo pa t pote anyen pou vwaj yo a, ni valiz, ni manje, ni lajan, **Mak** 6:8. Pyè te di Simon, sòsye a, lajan li a t ap peri ansanm avèk, li, **Tra.** 8:20. Lanmou pou lajan se rasin tout mal, **1 Tim.** 6:10.

Pa depanse lajan pou bagay ki san valè, **2 Ne.** 9:50–51 (Eza. 55:1–2; 2 Ne. 26:25–27). Si yo travay pou lajan y ap peri, **2 Ne.** 26:31. Anvan w chèche richès, chèche wayòm Bondye a, **Jakòb** 2:18–19. Gen Legliz ki pral di konsa ou kapab jwenn padon poutèt lajan w, **Mòm.** 8:32, 37.

Yon moun ki bay lajan l pou lakoz Siyon, li p ap pèdi rekonpans li nan okenn fason, **D&A** 84:89–90.

Lakansyèl. *Gade tou nan* Bato; Delij nan epòk Noye a; Noye, patriyach bibliik

Siy oubyen senbòl alyans Bondye te fè avèk Noye a (Jen. 9:13–17). TJS, Jen. 9:21–25 (Apendis) esplike ke alyans lan gen ladan l pwomès pou tè a pa janm kouvri avèk dlo delij ankò, Siyon Enòk la ap

retounen, epi Senyè a ap retounen ankò pou l rete sou tè a.

Laman. *Gade tou nan* Egzòd; Pen Lavi a

Yon manje won, piti mens tankou kwout pen ki gen gou gato myèl (Egz. 16:14–31) oubyen lwil frèch (Nonb 11:7–8). Senyè a te ba li pou nourri pitit Izrayèl yo pandan karant ane yo te pase nan dezè a (Egz. 16:4–5, 14–30, 35; Joz. 5:12; 1 Ne. 17:28).

Pitit Izrayèl yo te rele l laman (oubyen *man-hu* nan lang Ebre)—ki vle di “Ki sa l ye”—paske yo pa t konnen ki sa l te ye (Egz. 16:15). Yo te rele l “manje zanj” tou, epi “pen ki soti nan syèl” (Sòm 78:24–25; Jan 6:31). Se te yon senbòl pou Kris, ki t ap vin tounen Pen Lavi a (Jan 6:31–35).

Laman, frè Nefi. *Gade tou nan* Lamanit yo; Leyi, papa Nefi

Nan Liv Mòmou an, pi gran pitit gason Leyi avèk Sariya a epi pi gran frè Nefi a (1 Ne. 2:5). An jeneral, Laman te chwazi pou l fè mal nan plas byen.

Laman te mimire kont papa l, **1 Ne.** 2:11–12. Te fè rebèl kont Nefi, frè li a ki te jis, **1 Ne.** 7:6 (1 Ne. 3:28–29). Li pa t manje nan fwi pyebwa lavi a nan vizyon Leyi a, **1 Ne.** 8:35–36. Yon malediksyon te vin sou Laman ak disip li yo, **2 Ne.** 5:21 (Alma 3:7).

Lamanit yo. *Gade tou nan* Laman, frè Nefi; Liv Mòmou; Nefit yo

Yon gwoup moun nan Liv Mòmou an, anpil ladan yo te desandan Laman, pi gran pitit gason Leyi a. Yo te panse Nefi ak desandan Nefi yo te fè yo mal (Mozya 10:11–17). Kòm konsekans, yo te fè rebèl kont Nefit yo epi souvan yo te rejte an-sèyman levanjil la. Sepandan, pa lontan anvan nesans Jezikri, Lamanit yo te akseptè levanjil la epi yo te vin pi jis pase Nefit yo (Ela. 6:34–36). Desan tan apre Kris la te fin vizite Amerik la, Lamanit yo ak Nefit yo te vin mekan epi youn te kòmanse fè lagè avèk lòt. Anviwon 400 **APRE JEZIKRI**, Lamanit yo te detwi nasyon Nefit la nèt.

Lamanit yo te gen viktwa sou desandan Nefi yo, **1 Ne.** 12:19–20. Lamanit yo te rayi Nefit yo, **2 Ne.** 5:14. Lamanit yo pral tounen yon malediksyon pou Nefit yo, **2 Ne.** 5:25. Liv Mòmòn an pral retabli konesans zansèt yo ak levanjil Jezikri a pou Lamanit yo, **2 Ne.** 30:3–6 (Paj tit Liv Mòmòn an).

Lamanit yo se yon rès nan Juif yo, **D&A** 19:27. Lamanit yo fleri tankou yon flè woz anvan vini Senyè a, **D&A** 49:24.

Lamantasyon, liv

Yon liv nan Ansyen Testaman an Jeremi te ekri. Se yon koleksyon poèm oubyen chante lapenn akòz dekadans Jerizalèm ak nasyon Izrayelit la. Liv la te ekri apre dekadans vil la anviwon 586 ANVAN JEZIKRI.

Lamoni. *Gade tou nan* Amon, pitit gason Mozya

Nan Liv Mòmòn an, yon wa Lamanit Lespri Senyè a te konvèti ak travay enspire epi ansèyman Amon yo te konvèti (Alma 17–19).

Lanfè. *Gade tou nan* Danasyon, dane; Dyab; Lanmò espirityèl; Pitit pèdisyon yo

Revelasyon modèn yo pale de lanfè omwen nan de sans. Premyèman, se plas tanporè nan mond dèzespri a pou moun ki te dezobeyisan nan mòtalite. Nan sans sa a, lanfè gen finisman. Nan kote sa a, lespri yo pral aprann levanjil la, epi nan yon tan apre yo fin repanti, y ap resisite nan yon degre glwa selon degre diyite yo. Moun ki pa repanti yo, men ki pa pitit pèdisyon yo, y ap rete nan lanfè pandan Milenyòm nan. Apre milye ane touman sa yo, y ap resisite nan yon glwa telès (D&A 76:81–86; 88:100–101).

Dezyèmman, se yon kote pèmanan pou moun Ekspyasyon Jezikri a pa rachte. Nan sans sa a, lanfè a pèmanan. Se pou moun ki toujou “rete sal” yo (D&A 88:35, 102). Se kote Satan, zanji li yo, pitit pèdisyon yo—moun ki te nye Pitit Gason an apre Papa a te revele L

ba yo—se la y ap rete etènèlman (D&A 76:43–46).

Kèk fwa ekriti yo revele lanfè kòm tenèb deyò yo.

Nanm David p ap soti nan lanfè, **Sòm** 16:10 (Sòm 86:13).

Ale nan lanfè, nan dife ki p ap janm etenn nan, **Mak** 9:43 (Mozya 2:38). Nonm rich ki te nan Lanfè a leve je l, li te nan touman, **Lik** 16:22–23 (D&A 104:18). Lanmò ak lanfè delivre mò yo, **Apok.** 20:13.

Gen yon kote ki prepare, wi, lanfè tèrib sa a menm, **1 Ne.** 15:35. Volonte kò a bay lespri dyab la pouvw a pou l mennen nou desann nan lanfè, **2 Ne.** 2:29. Kris te prepare yon mwayen pou delivrans nou anba lanfè, **2 Ne.** 9:10–12. Moun ki rete sal, yo pral nan touman pèpetyèl, **2 Ne.** 9:16. Dyab la vòlè nanm yo epi li kondi yo nan lanfè avèk sekirite, **2 Ne.** 28:21. Jezi te rachte nanm mwen nan lanfè, **2 Ne.** 33:6. Demare kò w anba doule lanfè, **Jakòb** 3:11. Lè dyab la pran w ale nan kaptivite epi li kondi w avèk volonte l nan destriksyon se chenn lanfè, **Alma** 12:11. Yo chase mechan yo ale nan tenèb deyò yo jis nan tan rezirèksyon an, **Alma** 40:13–14. Moun sal yo t ap pi mizerab nan prezans Bondye pase nan lanfè, **Mòm.** 9:4.

Pinisyon ki soti nan men m nan se pinisyon san fen, **D&A** 19:10–12. Lanfè se yon kote ki prepare pou dyab la ak zanji li yo, **D&A** 29:37–38. Moun ki rekonèt Bondye, yo delivre anba lanmò ak chenn lanfè, **D&A** 138:23.

Lang. *Gade tou nan* Lang yo, don

Yon senbòl pou pawòl. Sen yo dwe kontwole lang yo, ki vle di yo dwe kontwole pawòl yo. *Lang* voye nou nan langaj ak pèp tou. Alafen, tout jenou pral pliye epi tout lang pral konfese devan Bondye (Eza. 45:23; Wom. 14:11).

Kenbe lang ou lwen mal, **Sòm** 34:13 (1 Pyè 3:10). Nenpòt moun ki kenbe bouch li ak lang li, li kenbe nanm li anba pwoblèm, **Pwov.** 21:23.

Si yon moun pa bride lang li, relijyon moun sa anven, **Jak** 1:26. Si yon moun pa

Lang yo, don

ofanse lòt avèk pawòl, moun sa a pafè, **Jak** 3:1-13. Levanjil la pral preche pou chak nasyon, fanmi, lang, ak pèp, **Apok.** 14:6-7 (2 Ne. 26:13; Mozya 3:13, 20; D&A 88:103; 112:1).

Senyè a akòde tout nasyon, dapre pwòp nasyon yo ak lang yo, pou yo anseye pawòl li, **Alma** 29:8. Plak sa yo pral jwenn tout nasyon, fanmi, lang, ak pèp, **Alma** 37:4.

Pran pawòl mwen yo, epi apre sa lang ou pral delye, **D&A** 11:21. Chak moun pral tande plenitid levanjil la nan lang pa li, **D&A** 90:11.

Lang yo, don. *Gade tou nan* Don Lespri yo; Lang

Yon don Sentespri ki pèmèt moun enspire yo pale, konprann, oubyen entèprete lang etranje. Nou kwè nan don lang yo (AL 1:7).

Yo tout te ranpli avèk Sentespri a, epi yo te kòmanse pale lòt lang, **Tra.** 2:4. Yon moun ki pale yon lang moun pa konnen, li pa pale avèk lèzòm, men se avèk Bondye li pale, **1 Kor.** 14:1-5, 27-28. Lang yo se yon siy pou moun ki pa kwè, **1 Kor.** 14:22-28.

Apre sa se batèm dife ak Sentespri a; epi apre sa yon kapab pale avèk lang zanji yo, **2 Ne.** 31:13-14. Amaleki te egzòte tout moun pou yo kwè nan don pou pale lang, **Omni** 1:25.

Gen moun ki kapab pale lang; epi gen lòt ki kapab entèprete lang, **D&A** 46:24-25 (1 Kor. 12:10; Mowo. 10:8, 15-16). Devèsè don lang nan, **D&A** 109:36.

Langaj

Mo, ekri oubyen pale, ki konpile sou yon fòm detèmine pou kominike enfòmasyon, panse, ak ide. Fason nou itilize langaj montre santiman nou konsènan Bondye ak lòt moun. Nan Dezyèm Vini Senyè Jezikri a ap bay tout limanite yon langaj pi (Sof. 3:8-9).

Tout tè a te gen yon sèl langaj, **Jen.** 11:1. Senyè a te konfonn langaj tout tè a, **Jen.** 11:4-9.

Chak moun te tande yo pale nan langaj pa yo, **Tra.** 2:1-6.

Senyè a pale avèk lèzòm dapre langaj yo, **2 Ne.** 31:3 (D&A 1:24). Benjamen te anseye pitit gason li yo langaj zansèt yo, pou yo te vin moun save, **Mozya** 1:2-5.

Yon moun ki gen langaj dou ak edifye, li se moun pa Bondye si li obeyi òdonans mwen yo, **D&A** 52:16. Familiarize w avèk langaj, lang, epi pèp, **D&A** 90:15.

Adan ak pitit li yo te gen yon langaj ki te pi epi ki pa t vilgè, **Moyiz** 6:5-6, 46. Bondye te bay Enòk gran pouvwa langaj, **Moyiz** 7:13.

Lanmè Mòt

Lanmè sale nan pwent sid Vale Jouden an. Yo te rele l Lanmè Sale a tou. Sifas li apeprè 1300 pye (915 mètr) anba Lanmè Mèditerane a. Vil Sodòm, Gomò ak Zoa oubyen Bela yo te pre rivaj li yo (Jen. 14:2-3).

Kòm akonplisman pwofesi epi kòm youn nan siy Dezyèm Vini Sovè a, dlo Lanmè Mòt yo ap geri epi ap gen lavi ladan yo (Ezek. 47:8-9).

Lanmè Wouj. *Gade tou nan* Moyiz

Etandi dlo ant Ejipt ak Arabi De gòlf nò li yo fòme Kòt Prèskil Sinayi a. Senyè a te separe Lanmè Wouj la mirakilezman pou Izrayelit yo te kapab pase sou tè sèch sou direksyon Moyiz (Egz. 14:13-31; Ebre 11:29). Separasyon lanmè Moyiz te fè a te konfime nan revelasyon modèn (1 Ne. 4:2; Ela. 8:11; D&A 8:3; Moyiz 1:25).

Lanmò, Dezyèm. *Gade nan* Lanmò espirityèlLanmò, fizik. *Gade tou nan* Chit Adan ak Èv; Mòtalite, mòtèl; Rezirèksyon; Sali

Separasyon kò a ak lespri a. Chit la te pote mòtalite ak lanmò sou tèa (2 Ne. 2:22; Moyiz 6:48). Ekspyasyon Jezikri a te venk lanmò, konsa tout moun pral resite (1 Kor. 15:21-23). Rezirèksyon an se yon kado gratis tout moun jwenn menm si li te fè saki byen oubyen sa ki mal nan lavi sa a (Alma 11:42-44). Chak moun soufri lanmò fizik la yon sèl fwa, depi nou resite, kò nou pa kapab mouri ankò (Alma 11:45).

Tout chè pral peri, epi lòm pral tounen pousyè, **Jòb** 34:15. Lanmò sen yo genyen anpil valè nan je Senyè a, **Sòm** 116:15. Pousyè a pral retounen nan tè a epi lespri a pral retounen jwenn Bondye, **Ekl.** 12:7.

Lammò te vini pa mwayen yon nonm, **1 Kor.** 15:21. Sovè a kenbe kle lanfè ak lanmò a yo, **Apok.** 1:18. p ap genyen ni lanmò, ni dèy, **Apok.** 21:4.

Lanmò a te pase sou tout moun, **2 Ne.** 9:6, 11 (*Alma* 12:24). Yo pat janm gade lanmò avèk latèrè, **Alma** 27:28. *Alma* te eksplike eta nanm nan ant lanmò ak rezirèksyon, **Alma** 40:11.

Sila yo ki mouri nan mwen p ap goute lanmò, **D&A** 42:46. Sila yo ki p ap konnen lanmò yo pral geri, **D&A** 42:48. M pral prouve nou tout bagay sa yo nan lanmò, **D&A** 98:14.

Ou va retounen nan pousyè, **Moyiz** 4:25. Adan tonbe, epi pa lentremiz chit la lanmò te vini, **Moyiz** 6:48.

Lanmò esprityèl. *Gade tou nan* Chit Adan ak Èv; Danasyon, dane; Dyab; Lanfè; Pitit pèdisyon yo; Sali

Separasyon kote Bondye ak enfliyan Li; mouri konsènan bagay ki konsène jistis. Lisifè ak yon tyè nan zanj syèl yo te soufri lanmò esprityèl lè yo te chase yo soti nan syèl la (**D&A** 29:36–37).

Chit Adan an te entwodui lanmò esprityèl nan mond lan (**Moyiz** 6:48). Moun vivan ki gen move panse, pawòl ak aksyon, yo mouri esprityèlman pandan yo toujou vivan sou tè a (**1 Tim.** 5:6). Nan Ekspyasyon Jezikri a epi nan obeyisans prensip ak òdonans levanjil la, gason ak fi kapab vin pwòp anba peche epi kò yo simonte lanmò esprityèl.

Lamò esprityèl rive tou apre lanmò kò mòtèl la. Ni moun resisite yo ni dyab ak zanj li yo ap pase devan jijman. Moun ki te fè rebèl volontèman kont limyè a ak verite levanjil la ap soufri lanmò esprityèl. Souvan yo rele lanmò sa dezyèm lamò (*Alma* 12:16; *Ela.* 14:16–19; **D&A** 76:36–38).

Mechan yo ap retranche, **Sòm** 37:9.

Lespri chanèl se lamò, **Wom.** 8:6 (**2 Ne.** 9:39). Anvi nwaye lèzòm nan destriksyon

ak pèdisyon, **1 Tim.** 6:9. Peche pote lamò, **Jak** 1:15. Moun ki va goumen jouk yo genyen batay la p ap soufri dezyèm lanmò a, **Apok.** 2:11. Yon moun ki pa sikonbe, dezyèm lanmò a p ap frape l, **Apok.** 20:6, 12–14. Mechan yo ap gen plas yo nan lak k ap boule ak dife epi ak souf la: ki se dezyèm lanmò a, **Apok.** 21:8 (**D&A** 63:17–18).

Lèzòm lib pou yo chwazi libète ak lavi etènèl oubyen pou yo chwazi kaptivite ak lanmò, **2 Ne.** 2:27 (**2 Ne.** 10:23; *Alma* 29:5; *Ela.* 14:30–31). Bondye te prepare yon chemen pou nou chape anba lamò ak lanfè, **2 Ne.** 9:10. Demare kò ou anba doule lanfè pou ou kapab pa soufri dezyèm lanmò a, **Jakòb** 3:11. Moun natirèl se ènmi Bondye, **Mozya** 3:19. Se pou Senyè a akòde ou repantans pou ou kapab pa soufri dezyèm lanmò a, **Alma** 13:30. Chenn lanmò etènèl yo te ansèkle *Alma*, **Alma** 36:18. Mechan an mouri konsènan bagay ki gen rapò ak jistis, **Alma** 40:26 (*Alma* 12:16). Chit Adan an te pote lanmò esprityèl sou tout moun, **Alma** 42:9 (*Ela.* 14:16–18).

Lè Adan te tonbe a, li te vin mouri esprityèlman, **D&A** 29:40–41, 44.

Lanmou, renmen. *Gade tou nan* Charite; Inimitey; Konpasyon

Devosyon ak afeksyon pwofon. Lanmou pou Bondye vle di tou, devosyon, adorasyon, reverans, tandrès, mizèrikòd, padon, konpasyon, gras, sèvis, gratitid, politès. Nou jwenn pi gran Egzanp lanmou Bondye genyen pou pitit Li yo nan Ekspyasyon enfini Jezikri a.

Ou dwe renmen pwochen w tankou tèt pa w, **Lev.** 19:18 (*Mat.* 5:43–44; 22:37–40; *Wom.* 13:9; *Gal.* 5:14; *Jak* 2:8; *Mozya* 23:15; **D&A** 59:6). Ou dwe renmen Senyè Bondye w la avèk tout kè w, **Det.** 6:5 (*Mowo.* 10:32; **D&A** 59:5). Senyè Bondye w la epwouve w pou l konnen si w renmen Senyè Bondye w la, **Det.** 13:3. Senyè a korije moun li renmen, **Pwov.** 3:12. Yon zanmi renmen tout tan, **Pwov.** 17:17.

Bondye te tèlman renmen mond lan, li te bay sèl Pitit Gason literal li a, **Jan** 3:16 (**D&A** 138:3). Renmen youn lòt; menm

Lapè

jan m te renmen w nan, **Jan** 13:34 (Jan 15:12, 17; Moyiz 7:33). Si w renmen m, respektè kòmandman mwen yo, **Jan** 14:15 (D&A 42:29). Pa gen moun ki gen pi gran lanmou pase sa, pou yon moun bay lavi li pou zanmi l yo, **Jan** 15:13. Pyè, èske w renmen m plis pase moun sa yo? Nouri mouton m nan, **Jan** 21:15–17. Anyen p ap separe nou avèk lanmou Bondye a nan Kris la, **Wom.** 8:35–39. Je pa janm wè bagay Bondye prepare pou moun ki renmen l yo, **1 Kor.** 2:9. Avèk lanmou, sèvi youn lòt, **Gal.** 5:13. Mari, renmen madanm ou, **Efe.** 5:25 (Kol. 3:19). Pa renmen mond lan, **1 Jn.** 2:15. Bondye se lanmou, **1 Jn.** 4:8. Nou renmen l paske l te renmen nou anvan, **1 Jn.** 4:19.

Kris la te soufri poutèt jantiyès emab li genyen pou nou, **1 Ne.** 19:9. Mache devan avèk lanmou pou Bondye epi pou tout moun, **2 Ne.** 31:20. Ou dwe aprann pitit ou yo pou yo renmen epi pou yo sèvi youn lòt, **Mozya** 4:15. Si w te konn anvi chante chan lanmou Redanmsyon, èske w kapab santi sa kounyeya, **Alma** 5:26. Kite Lespri Sen an dirije w, vin pasyan, plen lanmou, **Alma** 13:28. Bride tout pasyon w yo, pou w kapab chaje avèk lanmou, **Alma** 38:12. Pa t gen okenn kontansyon poutèt lanmou Bondye ki te rete nan kè pèp la, **4 Ne.** 1:15. Tout bagay ki envite moun renmen Bondye, se Bondye ki enspire l, **Mowo.** 7:13–16. Charite se lanmou pi Kris la, **Mowo.** 7:47. Lanmou pafè chase krent, **Mowo.** 8:16 (1 Jn. 4:18).

Lanmou kalifye lèzòm pou travay Bondye a, **D&A** 4:5 (D&A 12:8). Sanktifika-syon vin jwenn tout moun ki renmen Bondye epi ki sèvi l, **D&A** 20:31. Si w renmen m, sèvi m epi respektè kòmandman m yo, **D&A** 42:29 (Jan 14:15). Manifeste yon ogmantasyon lanmou pou moun ou koriye oubyen reprouve, **D&A** 121:43.

Lèzòm renmen Satan plis pase Bondye, **Moyiz** 5:13, 18, 28.

Lapè. *Gade tou nan Milenyòm; Pezib; Repo*

Nan ekriti yo, lapè kapab siyifi oubyen libète anba konfli ak tèt chaje oubyen

tranquilite enteryè ak konfò ki soti nan Lespri ke Bondye bay Sen fidèl Li yo.

Libète anba konfli ak dega: Li fè lagè yo sispann, **Sòm** 46:9. Ni tou yo p ap aprann lagè ankò, **Eza.** 2:4.

Viv pèzibman avèk tout moun; pa vanje pou tèt pa w, **Wom.** 12:18–21.

Te gen lapè nan peyi a toujou, **4 Ne.** 1:4, 15–20.

Renonse lagè epi pwoklame lapè, **D&A** 98:16. Leve yon banyè lapè, **D&A** 105:39.

Lapè Bondye bay moun obeyisan: Yo pral rele Sovè a Prens Lapè, **Eza.** 9:6. Pa gen lapè pou mechan yo, **Eza.** 48:22.

Dwe gen yon lame selès ki t ap louwe Bondye epi ki t ap di konsa, Glwa pou Bondye pi wo a, epi lapè sou tè a, **Lik** 2:13–14. M kite lapè avèk ou, **Jan** 14:27. Lapè Bondye depase tout konpreyan-syon, **Filip.** 4:7.

Pèp Wa Benjamen an te resevwa lapè nan konsyans li, **Mozya** 4:3. Pye moun ki bibliye lapè yo bel anpil sou mòn yo, **Mozya** 15:14–18 (Eza. 52:7). Alma te kriye nan pye Senyè a epi li te jwenn lapè, **Alma** 38:8. Yo pral resevwa lespri moun jis yo nan yon eta lapè, **Alma** 40:12.

Èske m pa t pale lapè nan panse w konsènan sijè sa a, **D&A** 6:23. Mache nan dousè Lespri m, epi w ap gen lapè nan mwen, **D&A** 19:23. Yon moun ki fè zèv jistis, li pral resevwa lapè, **D&A** 59:23. Abiye w avèk senti charite a, ki se senti pèfeksyon ak lapè a, **D&A** 88:125. Pitit gason m nan, lapè nan nanm ou, **D&A** 121:7.

Paske m te wè te gen anpil lapè, m te chèche benediksyon zansèt yo, **Ab.** 1:2.

Lasajès. *Gade nan Sajès*

Lave, Lavman. *Gade tou nan Batèm, batize; Ekspyasyon, ekspye*

Netwaye, fizikman oubyen esprityèlman. Senbolikman, yon moun kapab vin netwaye anba yon lavi ki chaje avèk peche epi avèk konsekans peche pa mwayen sakrifis ekspyatwa Jezikri a. Kèk lavman ki fèt sou otorite apwopriye prèttriz la sèvi kòm òdonans sakre.

Prèt la dwe lave rad li epi benyen nan dlo a, **Nonb** 19:7. Lave m konplètman anba peche m nan, **Sòm** 51:2, 7. Lave w, netwaye w, sispann fè mal, **Eza.** 1:16–18.

Jezi te lave pye Apot li yo, **Jan** 13:4–15 (D&A 88:138–139). Batize epi lave peche w yo, **Tra.** 22:16 (Alma 7:14; D&A 39:10).

Pèsonn pa kapab sove si rad li pa lave blan, **Alma** 5:21 (3 Ne. 27:19). Rad yo te lave blan nan san Kris la, **Alma** 13:11 (Etè 13:10).

Si yo respekte kòmandman yo, yo kapab lave epi yo kapab netwaye anba tout peche yo, **D&A** 76:52. Òdonans kay sen mwen an sanktifye onksyon w yo ak lavman ou yo, **D&A** 124:39–41.

Lavi. *Gade tou nan* Lavi etènèl; Limyè, limyè Kris

Egzistans tanporèl ak espiyètèl pou-
vwa Bondye te rann posib la.

Jodi a, m tabli lavi ak byen devan w, **Det.** 30:15–20. W ap montre m wout lavi a, **Sòm** 16:11. Yon moun ki suiv jistis, l ap jwenn lavi, **Pwov.** 21:21.

Yon moun k ap chèche lavi l, l ap pèdi l: epi yon moun ki pèdi lavi l poutèt mwen l ap jwenn li, **Mat.** 10:39 (Mat. 16:25; Mak 8:35; Lik 9:24; 17:33). Pitit Gason Lòm Nan pa t vini pou l detwi lavi lèzòm, men okontrè pou l sove yo, **Lik** 9:56. Lavi a te nan limenm epi lavi a te limyè lèzòm, **Jan** 1:4. Yon moun ki kwè nan moun ki te voye m nan li pase soti nan lanmò ale nan lavi, **Jan** 5:24. M se chemen an, verite, ak lavi a, **Jan** 14:6. Si se nan lavi sa a sèlman nou gen esperans Kris, nou pi mizerab pase tout moun, **1 Kor.** 15:19–22. Sentete gen pwomès lavi ki kounyeya, ak lavi ki pral vini an, **1 Tim.** 4:8.

Pitit nou yo kapab espere lavi ki nan Kris la, **2 Ne.** 25:23–27. Lavi sa a se tan pou lèzòm prepare yo pou rankontre Bondye, **Alma** 34:32 (Alma 12:24). M se limyè ak lavi mond lan, **3 Ne.** 9:18 (Mozya 16:9; 3 Ne. 11:11; Etè 4:12).

Moun ki fidèl yo ap beni, menm si se nan lavi oubyen lanmò, **D&A** 50:5. Lavi etènèl se lè yon moun konnen Bondye ak Jezikri, **D&A** 132:24.

Travay mwen ak glwa mwen—se pou m reyalize imòtalite ak lavi etènèl lèzòm, **Moyiz** 1:39.

Lavi etènèl. *Gade tou nan* Egzaltasyon; Ekspyasyon, ekspye; Glwa selès; Kouwòn; Lavi

Viv pou tout tan kòm fanmi nan prezans Bondye (D&A 132:19–20, 24, 55). Lavi etènèl se pi gran don Bondye bay lèzòm.

Ou gen pawòl lavi etènèl yo, **Jan** 6:68. Lavi etènèl la vle di pou yo konnen w, ou menm sèl vrè Bondye a ak Jezikri, **Jan** 17:3 (D&A 132:24). Fè bon batay lafwa a, mete men w sou lavi etènèl la, **1 Tim.** 6:12.

Moun lib pou yo chwazi libète ak lavi etènèl, **2 Ne.** 2:27 (Ela. 14:31). Lè yon moun gen panse espiyètèl sa vle di lavi etènèl, **2 Ne.** 9:39. Lè sa w nan chemen etwat ki mennen nan lavi etènèl la, **2 Ne.** 31:17–20. Lavi etènèl vle di kwè nan Kris la epi dwe pèsevere jiska lafen, **2 Ne.** 33:4 (3 Ne. 15:9).

Yon moun ki gen lavi etènèl, li rich, **D&A** 6:7 (D&A 11:7). Lavi etènèl se pi gran don nan tout don Bondye yo, **D&A** 14:7 (Wom. 6:23). Moun jis yo ap resevwa lapè nan mond sa a ak lavi etènèl nan mond k ap vini an, **D&A** 59:23. Moun ki pèsevere jiska lafen pral resevwa yon kouwòn lavi etènèl, **D&A** 66:12 (D&A 75:5). Tout moun ki mouri san levanjil la epi ki t ap resevwa l si yo te vivan, yo se eritye wayòm selès la, **D&A** 137:7–9.

Travay Bondye ak glwa li se pou l reyalize imòtalite ak lavi etènèl lèzòm, **Moyiz** 1:39. Bondye bay obeyisan yo lavi etènèl, **Moyiz** 5:11.

Lavi premòtèl. *Gade tou nan*

Kòmansman; Konsèy nan syèl; Lagè nan syèl; Lèzòm, lòm

Lavi anvan lavi terès. Tout gason ak fi te viv avèk Bondye kòm pitit lespri anvan yo te vin sou tè a kòm èt mòtèl. Kèk fwa, se sa ki rele premye eta a (Abr. 3:26).

Lè Bondye te plase fondasyon tè a, tout pitit Bondye yo te rele ak jwa, **Jòb** 38:4–7. Lespri a pral retounen jwenn

Laza

Bondye ki te bay li a, **Ekl.** 12:7. Anvan m te fòme w nan vant la m te konnen w, **Jer.** 1:4–5.

Nou tout se desandan l, **Tra.** 17:28. Bondye te chwazi nou anvan fondasyon mond lan, **Efe.** 1:3–4. Nou dwe soumèt nou devan Papa lespri yo, **Ebre** 12:9. Zanj ki pa t gade premye eta yo a, li rezève yo nan chenn etènèl, **Jid** 1:6 (**Abr.** 3:26). Yo te chase dyab la avèk zanj li yo, **Apok.** 12:9.

Yo te resevwa apèl epi yo te prepare depi nan fondasyon mond lan, **Alma** 13:3.

Kris la te kontanple grandè letènite ak lame syèl la anvan mond lan te fèt, **D&A** 38:1. Lòm te avèk Bondye tou nan kòmmanman, **D&A** 93:29 (**Ela.** 14:17; **D&A** 49:17). Lespri nòb yo te chwazi nan kòmmanman pou yo sèvi kòm dirijan nan Legliz la, **D&A** 138:53–55. Anpil moun te resevwa premye leson yo nan mond lespri yo, **D&A** 138:56.

Tout bagay te kreye espiritiyèlman anvan yo te sou tè, **Moyiz** 3:5. M te kreye mond lan ak lèzòm anvan yo te gen chè, **Moyiz** 6:51. Abraram te wè etèlijans ki te òganize yo anvan mond lan te kreye, **Abr.** 3:21–24.

Laza. *Gade tou nan* Mari Betani an; Mat

Nan Nouvo Testaman an, frè Mat ak Mari a. Jezi te leve l pami mò yo (**Jan** 11:1–44; 12:1–2, 9–11). Se pa menm Laza kòm mandyan nan parabol Jezi te anseye a (**Lik** 16:19–31).

Legliz, Gran epi Abominab. *Gade nan* Dyab—Legliz dyab la

Legliz, non. *Gade tou nan* Legliz Jezikri; Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo; Mòmmon (yo)

Nan Liv Mòmmon an, lè Jezikri te vizite Nefit ki jis yo tou suit apre Rezirèksyon L lan, Li te di konsa Legliz Li a dwe pote non L (**3 Ne.** 27:3–8). Nan tan modèn nan, Senyè a te revele non Legliz la kòm “Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo” (**D&A** 115:4).

Legliz, siy verite a. *Gade tou nan*

Legliz Jezikri; Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo; Siy

Doktrin ak zèv yon Legliz ki montre Bondye apwouve l epi se mwayen Senyè a te tabli pou pitit Li yo kapab gen benediksyon Li toutantye. Men kèk nan siy vre Legliz la:

Konpreyansyon korèk konsènan Divinite a: Bondye te kreye lèzòm nan imaj pa l, **Jen.** 1:26–27. Senyè a te pale avèk Moyiz fasafas, **Egz.** 33:11.

Lavi etènèl vle di pou konnen Papa Bondye ak Jezikri, **Jan** 17:3.

Papa a ak Pitit Gason an gen kò chè ak zo, **D&A** 130:22–23.

Papa a ak Pitit Gason an te parèt devan Joseph Smith, **I—JS** 1:15–20. Nou kwè nan Bondye, Papa Etènèl la, **AL** 1:1.

Premye prensip ak òdonans yo: Si yon moun pa fèt nan dlo ak Lespri a, **Jan** 3:3–5. Repanti epi batize, nou chak, nan non Jezikri, **Tra.** 2:38. Apre sa yo te mete men sou yo, epi yo te resevwa Sentespri a, **Tra.** 8:14–17. Vin tounen pitit Bondye pa mwayen lafwa nan Jezikri, **Gal.** 3:26–27.

Repanti w epi batize nan non Pitit Gason Byenneme m nan, **2 Ne.** 31:11–21.

Moun ki te kwè yo te batize epi yo te resevwa Sentespri a anba enpozisyon men, **D&A** 76:50–53.

Prèttriz apwopriye a nesèsè pou batize epi pou bay don Sentespri a, **I—JS** 1:70–72. Premye prensip ak òdonans levanjil yo dekri, **AL** 1:4.

Revelasyon: Kote pa gen vizyon, pèp la peri, **Pwov.** 29:18. Senyè a revele sekre l yo bay pwofèt li yo, **Amòs** 3:7.

Legliz la bati sou wòch revelasyon, **Mat.** 16:17–18 (**D&A** 33:13).

Malè yon moun ki di Senyè a pa bay revelasyon ankò, **3 Ne.** 29:6.

Revelasyon yo ak kòmmandman yo vini sèlman nan moun ki aple a, **D&A** 43:2–7.

Nou kwè nan tout bagay Bondye te revele, **AL** 1:9.

Pwofèt: Legliz la bati sou fondasyon Apot ak pwofèt, **Efe.** 2:19–20. Apot yo ak pwofèt yo esansyèl pou Legliz la, **Efe.** 4:11–16.

Joseph Smith te resevwa apèl pou l tounen yon vwayan, yon pwofèt ak yon Apot, **D&A** 21:1-3.

Nou kwè nan pwofèt yo, **AL** 1:6.

Otorite: Jezi te bay disip yo pouvwa ak otorite, **Lik** 9:1-2 (Jan 15:16).

Nefi, pitit gason Elaman an te resevwa gwo otorite nan men Bondye, **Ela.** 11:18 (3 Ne. 7:17).

Pwofèt la dwe resevwa kòmandman pou Legliz la, **D&A** 21:4-5. Pèsonn pa dwe preche levanjil la oubyen bati Legliz la san yon moun ki gen otorite pa òdone l, **D&A** 42:11. Ansyen yo dwe preche levanjil la, pou yo aji avèk otorite, **D&A** 68:8.

Nenpòt moun ki preche oubyen ki administre pou Bondye dwe resevwa apèl nan men Bondye anba men moun ki gen otorite, **AL** 1:5.

Ekrityon adisyonèl yo parèt: Bwa Jida a ap mete ansanm ak bwa Jozèf la, **Ezek.** 37:15-20.

Prediksyon ekriti dènye jou yo te fèt, **1 Ne.** 13:38-41.

Nou kwè Bondye gen pou l revele anpil lòt gran bagay enpòtan, **AL** 1:9.

Òganizasyon Legliz la: Legliz la bati sou fondasyon Apot ak pwofèt, **Efe.** 2:19-20. Apot ak pwofèt yo esansyèl pou Legliz la, **Efe.** 4:11-16. Kris se tèt Legliz la, **Efe.** 5:23.

Legliz Kris la dwe pote non l, **3 Ne.** 27:8.

Nou kwè nan menm òganizasyon ki te nan Legliz Primitif, **AL** 1:6.

Travay misyonè: Ale, epi preche tout nasyon, **Mat.** 28:19-20. Swasanndis yo te resevwa apèl pou yo preche levanjil la, **Lik** 10:1.

Yo te vle pou sali a deklare bay chak kreyati, **Mozya** 28:3.

Ansyen yo dwe ale, preche levanjil mwen an de pa de, **D&A** 42:6. Levanjil la dwe preche bay chak kreyati, **D&A** 58:64.

Don espiritèl yo: Yo te kòmanse pale lòt lang, **Tra.** 2:4. Ansyen yo dwe geri malad, **Jak** 5:14.

Pa nye don Bondye yo, **Mowo.** 10:8.

Don espiritèl yo anrejistre, **D&A** 46:13-26 (1 Kor. 12:1-11; Mowo. 10:9-18).

Tanp yo: M ap fè yon alyans epi m ap tabli sanktyè mwen nan pami yo pou tout tan, **Ezek.** 37:26-27. Senyè a ap vini nan tanp li a soudènman, **Mal.** 3:1.

Nefi te bati yon tanp, **2 Ne.** 5:16.

Sen yo te chatye poutèt yo pa t bati kay Senyè a, **D&A** 95 (D&A 88:119). Pèp Senyè a te toujou bati tanp pou pèfòmans òdonans sen yo, **D&A** 124:37-44. Bati tanp ak fè òdonans fè pati nan gran travay dènye jou a, **D&A** 138:53-54.

Legliz Abominab. *Gade nan Dyab—* Legliz dyab la

Legliz Jezikri. *Gade tou nan* Legliz, non; Legliz, siy verite a; Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo; Retablisman levanjil la; Sen (non); Wayòm Bondye oubyen wayòm syèl la

Yon kò kwayan òganize ki pran non Jezikri sou tèt yo nan batèm ak konfirmasyon. Pou legliz la kapab vrè fòk li se legliz Senyè a; li dwe gen otorite L, ansèyman L yo, lwa L yo, òdonans Li yo ak non L; epi Li ki dwe dirije l pa lantrèmiz reprezantan Li te lonmen yo.

Senyè a ajoute nan legliz la chak jou, **Tra.** 2:47. Malgre nou anpil, nou fè yon sèl kò nan Kris, **Wom.** 12:5. Ak yon sèl Lespri nou tout batize nan yon sèl kò, **1 Kor.** 12:13. Legliz la bati sou fondasyon Apot ak pwofèt, **Efe.** 2:19-20. Apot yo ak pwofèt yo esansyèl pou Legliz la, **Efe.** 4:11-16. Kris se tèt Legliz la, **Efe.** 5:23.

Malgre te gen anpil Legliz, yo tout te fè yon sèl Legliz, **Mozya** 25:19-22. Legliz la te netwaye epi li te antre nan lòd, **Alma** 6:1-6. Legliz Kris la dwe pote non l, **3 Ne.** 27:8. Legliz la te rasanble ansanm souvan pou jene, pou priye epi pou pale, **Mowo.** 6:5.

Se sèl vrè Legliz vivan an, **D&A** 1:30. Legliz Kris la te resisite nan dènye jou yo, **D&A** 20:1. Senyè a te bay sèvitè l yo apèl pou yo bati Legliz li a, **D&A** 39:13. Se non sa Legliz mwen an dwe pote nan dènye jou yo, **D&A** 115:4.

Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.

Gade tou nan Legliz, non; Legliz, siy verite a; Legliz Jezikri; Retablisman levanjil la

Non Legliz Kris la te resevwa nan dènye jou yo pou distenge l, avèk Legliz nan lòt dispansasyon yo (D&A 115:3–4).

Senyè a ap devide konesans sou Sen Dènye Jou yo, **D&A** 121:33. Joseph Smith se pwofèt ak vwayan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, **D&A** 127:12. Gran jou Senyè a ap pwoche pou Sen Dènye Jou yo, **D&A** 128:21, 24. Joseph Smith te ede rasanble Sen Dènye Jou yo, **D&A** 135:3. Konpayi Sen Dènye Jou yo dwe òganize pou vwayaj nan teritwa lwès Etazini an, **D&A** 136:2. Lwa maryaj yo klarifye pou Sen Dènye Jou yo, **DO** 1. Tout gason ki diy nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo resevwa prètiz la, **DO** 2.

Istwa Premye Vizyon an pou tout Sen Dènye Jou yo, **I—JS** 1:1.

Lekòl Pwofèt yo. *Gade tou nan* Smith, Joseph, pitit la

Nan Kirtland, Ohio (Etazini Damerik), pandan livè 1832–1833, Senyè a te kòmande Joseph Smith pou l òganize yon lekòl espesyalman pou l antrene frè yo nan tout bagay ki gen relasyon avèk levanjil la epi avèk wayòm Bondye a. Se nan lekòl sa a anpil nan premye dirijan Legliz yo. Parley P. Pratt te direktè yon lòt lekòl pwofèt oubyen ansyen nan Konte Jackson, Missouri (D&A 97:1–6). Yon ti tan apre Sen yo te fin emigre nan Lwès, yo te gen lekòl menm jan an; sepandan, lekòl sa yo te vin sispann apre yon ti tan. Jodi a, etid levanjil la fèt nan kay, nan kowòm prètiz, ak nan plizyè lòt òganizasyon segondè, epi nan lekòl Legliz yo, nan seminè ak klas enstiti.

Sanktifye tèt ou epi anseye doktrin wayòm nan youn bay lòt, **D&A** 88:74–80. Chèche avèk dilijans epi anseye youn lòt, **D&A** 88:118–122. Lòt lekòl pwofèt yo te tabli, **D&A** 88:127–141. Premye Prezidans la gen kle lekòl pwofèt yo, **D&A** 90:6–7.

Lemarye. *Gade tou nan* Jezikri

Nan ekriti yo, Jezikri senbolize kòm Lemarye. Legliz la se lamarye senbolik Li.

Dis vyèj te ale pou rankontre Lemarye a, **Mat.** 25:1–13. Moun ki gen lamarye a, se lemarye a li ye, **Jan** 3:27–30. Mou ki resevwa envitasyon pou dine maryaj ti Mouton an ap beni, **Apok.** 19:5–10.

Pare w pou lè Lemarye a ap vini, **D&A** 33:17. Fè preparasyon pou Lemarye a, **D&A** 65:3.

Lemyèl. *Gade tou nan* Laman, frè Nefi; Lamanit yo; Leyi, papa Nefi

Nan Liv Mòmmon an, dezyèm pitit gason Leyi a epi youn nan gran frè Nefi yo. Li te mete ansanm avèk Laman kont Nefi.

Leyi te rekòmande Lemyèl pou l tennfas, tankou yon vale, **1 Ne.** 2:10. Te vin fache kont Nefi epi te koute Laman, **1 Ne.** 3:28. Lemyelit yo te fè pati nan pati Lamanit yo, **Jakòb** 1:13–14 (Alma 47:35).

Lespri. *Gade tou nan* Lanmò, fizik; Lèzòm, lòm; Nanm; Rezirèksyon

Pati nan yon èt vivan ki te egziste anvan nesans mòtèl la, ki abite nan kò fizik la pandan mòtalite a, epi ki egziste apre lanmò kòm yon èt separe jistan rezirèksyon an. Tout bagay vivan—limanite, animal, ak plant—yo te lespri anvan nenpòt kalite lavi te egziste sou tè a (Jen. 2:4–5; Moyiz 3:4–7). Kò lespri a sanble avèk kò fizik la (1 Ne. 11:11; Etè 3:15–16; D&A 77:2; D&A 129). Lespri a se matyè, men li pi rafine oubyen pi pwòp pase eleman mòtèl oubyen matyè (D&A 131:7).

Chak moun se yon pitit gason oubyen pitit fi literal Bondye, ki te fèt kòm yon lespri Paran Selès te fè anvan paran mòtèl te fè yo sou tè a (Ebre 12:9). Chak moun sou tè a gen yon kò espirityèl imòtèl akote chè ak zo a. Jan ekriti yo dekri sa kèk fwa, lespri a ak kò fizik la ansanm fòme nanm nan (Jen. 2:7; D&A 88:15; Moyiz 3:7, 9, 19; Abr. 5:7). Yon lespri kapab viv san yon kò fizik, men yon kò fizik pa kapab viv san lespri a (Jak 2:26). Lanmò fizik se separasyon lespri

a ak kò a. Nan Rezirèksyon an, lespri a reyini avèk menm kò fizik lachè ak zo li te posede lè li te mòtèl la, avèk de difrans kapital: yo p ap janm separe ankò, epi kò fizik la pral vin imòtèl epi pafè (Alma 11:45; D&A 138:16–17).

Yon lespri pa gen kò fizik ak zo, jan w wè m genyen an, **Lik** 24:39. Lespri a limenm rann temwayaj bay lespri nou, pou fè konnen nou se pitit Bondye, **Wom.** 8:16. Glorifye Bondye nan kò w ak nan lespri w, **1 Kor.** 6:20.

Kò sa a se kò lespri m, **Etè** 3:16.

Lòm se lespri, **D&A** 93:33. Kris la te administre lespri jis yo nan paradi, **D&A** 138:28–30 (1 Pyè 3:18–19).

Ou te fèt nan mond lan avèk dlo, san epi lespri, **Moyiz** 6:59. Li te kanpe nan pami moun ki te lespri yo, **Abr.** 3:23.

Move lespri: Jezi te chase anpil dyab yo, **Mak** 1:27, 34, 39. Soti sou nonm nan, ou menm lespri sal, **Mak** 5:2–13.

Move lespri a anseye moun pou yo pa priye, **2 Ne.** 32:8. Nan non Jezi, li te chase dyab yo ak lespri sal, **3 Ne.** 7:19.

Anpil fo lespri te ale pou twonpe mond lan, **D&A** 50:2, 31–32. Joseph Smith espliche twa kle pou moun konnen si yo lespri soti kote Bondye oubyen kote dyab la, **D&A** 129.

Lespri, sen. *Gade nan* Sentespri

Lespri Kontri. *Gade nan* Kè brize

Levanjil. *Gade tou nan* Dispansasyon; Doktrin Kris; Plan redanmsyon

Plan sali Bondye a, ki posib nan Ekspyasyon Jezikri a. Levanjil la genyen verite ak lwa etènèl, alyans ak òdonans limanite bezwen pou yo kapab retounen antre nan prezans Bondye. Bondye te retabli plenitid levanjil la sou tè a nan diznevnyèm syèk la pa lantremiz Pwofèt Joseph Smith.

Ale nan tout mond lan epi preche levanjil la, **Mak** 16:15.

Yo te wete pati klè ak presye yo nan levanjil ti Mouton an, **1 Ne.** 13:32. Se levanjil mwen an sa, **3 Ne.** 27:13–21 (D&A 39:6).

Liv Mòmòn an gen plenitid levanjil la, **D&A** 20:8–9 (D&A 42:12). Se levanjil la sa, **D&A** 76:40–43. Prètriz Mèlkisedèk la administre levanjil la, **D&A** 84:19. Chak moun pral tande plenitid levanjil la nan lang pa li, **D&A** 90:11. Pitit Gason an te preche lespri moun mouri yo levanjil la, **D&A** 138:18–21, 28–37.

Levanjil la te preche depi nan kòmansman, **Moyiz** 5:58. Premye prensip ak òdonans levanjil yo te dekri, **AL** 1:4.

Levanjil, Retablisman. *Gade nan* Retablisman levanjil la

Levanjil yo. *Gade tou nan* Jan, pitit gason Zebede; Lik; Mak; Matye

Kat rejis oubyen temwayaj lavi mòtèl Jezi ak evènman ministè L yo ki nan kat premye liv Nouvo Testaman an. Se Matye, Mak, Lik ak Jan ki te ekri yo, yo se temwayaj anrejistre konsènan lavi Kris la. Liv 3 Nefi nan Liv Mòmòn an sanble nan anpil fason avèk kat Levanjil Nouvo Testaman sa yo.

Liv Nouvo Testaman yo te ekri dabò an Grèk. Mo Grèk *levanjil* la vledi “bon nouvell”. Bon nouvell la sèke Jezikri te fè yon ekspyasyon k ap rachte tout limanite anba lanmò epi rekonpanse chak moun dapre zèv pa l (Jan 3:16; Wom. 5:10–11; 2 Ne. 9:26; Alma 34:9; D&A 76:69).

Gade Amoni levanjil yo tou nan apendis la.

Levi. *Gade tou nan* Izrayèl Izrayèl; Jakòb, pitit gason Izarak

Nan Ansyen Testaman an, twazyèm pitit gason Jakòb avèk Leya a (Jen. 29:34; 35:23). Levi te vin tounen papa youn nan tribi Izrayèl yo.

Tribi Levi a: Jakòb te beni Levi ak desandan li yo (Jen. 49:5–7, 28). Desandan Levi yo te administre nan sanktyè Izrayèl yo (Nonb 1:47–54). Aawon te yon Levit, epi desandan li yo te prèt (Egz. 6:16–20; 28:1–4; 29). Levit yo te asiste prèt yo, pitit gason Aawon yo (Nonb 3:5–10; 1 Wa 8:4). Kèk fwa yo te sèvi kòm mizisyen (1 Kwo. 15:16; Ney. 11:22); te sakrifye bèt yo (2 Kwo. 29:34; Esd. 6:20);

Levitik

epi jeneralman te bay asistans nan tanplan (Ney. 11:16). Levit yo te dedye tèt yo pou sèvis Senyè a pou yo egzekite òdonans pou pitit Izrayèl yo. Levit yo poutèt pa yo, yo te yon ofrann pou pitit Izrayèl yo (Nonb 8:11–22); konsa yo te vin tounen pwopriyete patikilye Bondye (Nonb 8:16), Bondye te resewva yo kòm don nan plas premyene a (Nonb 8:7–16). Yo pa t gen eritaj tè nan Kanaan (Nonb 18:23–24), men yo te resewva dim nan (Nonb 18:21), 48 vil (Nonb 35:6), epi yon dwa pou yo resewva lacharite pèp la pandan epòk fèt (Det. 12:18–19; 14:27–29).

Levitik. *Gade tou nan* Pantatèk

Yon liv nan Ansyen Testaman an ki pale konsènan devwa prèt nan Izrayèl. Li mete aksan sou sentete Bondye epi règ pou moun ta suiv pou yo vin sen. Bi li se pou l fè seremoni pou anseye konduit moral ak verite relijye ki nan lwa Moyiz la. Se Moyiz ki te ekri liv Levitik la.

Chapit 1–7 esplike òdonans sakrifikatwa. Chapit 8–10 dekri seremoni ki te adopte nan konsekrasyon prèt yo. Chapit 11 esplike ki sa moun dwe oubyen pa dwe manje epi sa ki pwòp ak sa ki sal. Chapit 12 diskite konsènan fi apre akouchman. Chapit 13–15 se lwa konsènan salte seremonyèl. Chapit 16 gen seremoni pou moun obsève nan Jou Ekspyasyon an. Chapit 17–26 gen yon gwoup lwa ki okipe obsèvasyon relijye ak sosyal. Chapit 27 esplike Senyè a te kòmande Izrayèl pou yo konsakre rekòt yo, bèt yo ak twoupo yo bay Senyè a.

Leya. *Gade tou nan* Jakòb, pitit gason Izarak; Laban, frè Rebeka

Nan Ansyen Testaman an, pi gran pitit fi Laban an epi youn nan madanm Jakòb yo (Jen. 29). Leya te vin manman sis pitit gason ak yon fi (Jen. 29:31–35; 30:17–21).

Leyi, Kòmandan Militè Nefit

Nan Liv Mòmmon an, yon kòmandan militè Nefit (Alma 43:35–53; 49:16–17; 52:27–36; 53:2; 61:15–21).

Leyi, misyonè Nefit. *Gade tou nan*

Elaman, pitit gason Elaman

Nan Liv Mòmmon an, yon pitit gason Elaman, ki te pitit gason Elaman an. Leyi te yon gran misyonè (Ela. 3:21; 4:14).

Yo te rele l Leyi pou l raple zansèt li, **Ela.** 5:4–6. Avèk Nefi, te konvèti anpil moun, yo te mete l nan prizon, dife te an-sèkle l epi li te pale avèk zanj, **Ela.** 5:14–48. Te resewva anpil revelasyon chak jou, **Ela.** 11:23.

Leyi, papa Nefi

Nan Liv Mòmmon an, yon pwofèt Ebre ki te dirije fanmi l ak disip li yo pou yo te kite Jerizalèm ale nan tè pwomiz ki nan emisfè lwès la anviwon 600 ANVAN JEZIKRI. Leyi te premye pwofèt pami pèp li a nan Liv Mòmmon an.

Leyi te sove kite Jerizalèm avèk fanmi l sou kòmandman Senyè a (1 Ne. 2:1–4). Li te yon desandan Jozèf yo te vann nan Ejipt la (1 Ne. 5:14). Senyè a te ba l yon vizyon pyebwa lavi a (1 Ne. 8:2–35). Leyi ak pitit gason li yo te bati yon bato epi yo te pati pou yo ale nan emisfè lwès la (1 Ne. 17–18). Limenm ak desandan li yo te vin tabli nan nouvo peyi ya (1 Ne. 18:23–25). Anvan l te mouri, Leyi te beni pitit gason li yo epi li te anseye yo konsènan Kris ak aparisyon Liv Mòmmon an nan dènye jou yo (2 Ne. 1:1–4:12).

Liv Leyi a: Joseph Smith te kòmanse avèk liv Leyi a lè l t ap tradui Liv Mòmmon an. Se te yon rejis Mòmmon te rezime nan plak Leyi yo. Lè l te fin gen 116 paj maniskri li te tradui nan liv la, Joseph te bay Martin Harris, ki te sèvi pandan yon ti bout tan kòm sekretè l, maniskri a. Paj yo te pèdi. Joseph pa t tradui liv Leyi a pou l ranplase maniskri ki te pèdi a, men okontrè li te tradui lòt istwa ki gen rapò avèk li ki soti sou plak lò yo (gade nan entwodiksyon D&A 3; 10). Lòt istwa sa yo se sis premye liv ki nan Liv Mòmmon an kounyeya.

Lèp

Yon fòm maladi po terib yo te pale souvan nan Ansyen ak Nouvo Testaman yo.

Li te aflije anpil moun popilè pou yon tan, pami yo, Moyiz (Egz. 4:6–7), sè li a, Mari (Nonb 12:10), Naaman (2 Wa 5), epi Wa Ozyas (2 Kwo. 26:19–21).

Jezi te geri lèp nan plizyè moun, **Mat.** 8:2–4 (Mak 1:40–45; Lik 5:12–15; 3 Ne. 17:7–9). Jezi te geri dis lepre, **Lik** 17:11–19.

Lèzòm, lòm. *Gade tou nan* Bondye, Divinite; Fi, fi yo; Frè, frè yo; Kreyasyon lespri; Lespri; Pitit gason ak pitit fi Bondye; Sè

Vle di tout limanite, ni gason ni fi tout gason ak tout fi se pwojeniti espirityèl literal Papa Bondye. Lè yo fèt nan mòtalite a, yo resevwa kò fizik. Kò sa yo te kreye nan imaj Bondye (Jen. 1:26–27). Fi ak gason ki resevwa òdinans nesèsè yo avèk lafwa, ki kenbe alyans yo epi ki obeyi kòmandman Bondye yo ap antre nan egzaltasyon pa yo epi y ap vin tankou bondye.

Bondye te kreye lòm avèk imaj pa l, **Jen.** 1:27 (Mozya 7:27; D&A 20:17–18). Ki sa lòm ye pou l enterese w konsa, **Sòm** 8:4–5. Malè yon moun ki mete konfyans li nan yon lòt moun epi ki kwè nan fòs ponyèt pa l, **Jer.** 17:5 (2 Ne. 4:34; 28:26, 31).

Lè m te vin tounen yon nonm, m mete bagay timoun sou kote, **1 Kor.** 13:11.

Lèzòm te kreye pou yo kapab gen lajwa, **2 Ne.** 2:25. Lòm natirèl la se ènmi Bondye, **Mozya** 3:19. Ki kalite moun ou dwe ye, **3 Ne.** 27:27.

Zèv lèzòm bloke, pa zèv Bondye, **D&A** 3:3. Ou pa t dwe krenn lòm plis pase bondye, **D&A** 3:7 (D&A 30:11; 122:9). Tout bagay te kreye pou benefis ak itilite lòm, **D&A** 59:18.

M konnen lòm pa anyen, **Moyiz** 1:10. Travay Bondye ak laglwa li se pou l reyalize imòtalite ak lavi etènèl lòm, **Moyiz** 1:39.

Lòm, yon pitit espirityèl Papa Bondye: Yo te tonbe sou figi yo, epi yo di, O Bondye, Bondye lespri tout kò yo, **Nonb** 16:22 (Nonb 27:16). Ou se pitit Senyè Bondye w la, **Det.** 14:1. Ou se bondye epi tout ou menm yo se pitit Bondye Ki Pi Wo a,

Sòm 82:6. Ou se pitit bondye vivan an, **Oze** 1:10. Èske nou tout pa gen menm Papa? Èske se pa yon sèl Bondye ki te kreye nou, **Mal.** 2:10.

Nou se pwojeniti Bondye, **Tra.** 17:29. Lespri a poutèt pa l li rann temwayaj pou fè konnen nou se pitit Bondye, **Wom.** 8:16. Soumèt nou devan Papa lespri yo, **Ebre** 12:9.

Lespri tout moun retounen lakay yo pou ale jwenn Bondye sa ki te ba yo lavi a, **Alma** 40:11.

Abitan ki nan mond yo se pitit gason ak pitit fi literal Bondye, **D&A** 76:24. Lòm te avèk Papa a nan kòmansman, **D&A** 93:23, 29.

Bondye te kreye tout moun espirityèlman, anvan yo te vin sou sifas tè a, **Moyiz** 3:5–7. M se Bondye; m te fè mond lan, epi m te fè lèzòm anvan yo te gen kò fizik, **Moyiz** 6:51.

Lòm, gen potansyalite pou vin tankou Papa Bondye: Ou dwe pafè, menm jan avèk Papa w, **Mat.** 5:48 (3 Ne. 12:48). Èske ekriti nan lwa w la pa di w se bondye, **Jan** 10:34 (D&A 76:58). Nou kapab vin tounen eritye Bondye epi ko eritye avèk Kris la, **Wom.** 8:17. Ou se yon pitit, epi kòm yon pitit, konsa ou se eritye bondye nan Kris, **Gal.** 4:7. Lè li parèt, n ap tankou l, **1 Jn.** 3:2. Yon mwen ki reziste m ap kite l chita avèk mwen sou twòn mwen, **Apok.** 3:21.

M akòde yo pou yo vin tounen pitit Bondye, **3 Ne.** 9:17.

Moun ki eritye wayòm selès la, yo se bondye, paske yo se pitit Bondye, **D&A** 76:50, 58. Lè sa a y ap vin tounen bondye, paske yo gen tout pouvwa, **D&A** 132:20.

Lib, libète. *Gade tou nan* Kaptivite; Lib abit; Libète

Pouvwa oubyen abilitè yon moun genyen pou l fè chwa pèsònèl san presyon. Nan yon sans espirityèl, yon moun ki repanti epi ki obeyi volonte Bondye, li lib kont esklavaj peche gras a Ekspyasyon Jezikri a (Mozya 5:8).

Verite a ap fè w lib, **Jan** 8:32. Moun ki vin lib kont peche, yo resevwa lavi etènèl, **Wom.** 6:19–23.

Lib abit

Yon branch jis nan pèp Izrayèl la pral soti nan kaptivite pou l vin nan libète, **2 Ne.** 3:5. Yo te kriye bay Senyè a pou libète yo, **Alma** 43:48–50. Mowoni te pran plèzi nan libète peyi l, **Alma** 48:11. Lespri Bondye se lespri libète, **Alma** 61:15.

Suiv mwen, epi w ap vin yon pèp lib, **D&A** 38:22.

Lib abit. *Gade tou nan* Lib, libète; Responsab, responsablite

Kapasite ak privilèj Bondye bay moun pou yo chwazi epi pou yo aji pou tèt pa yo.

Ou kapab manje nan fwi tout pyebwa jan w vle, **Jen.** 2:16. Jodi a, chwazi moun ou vle sèvi a, **Joz.** 24:15 (**Alma** 30:8; **Moyiz** 6:33).

Lèzòm pa t ap kapab aji pou tèt pa yo si yo pa t tante, **2 Ne.** 2:15–16. Lèzòm lib pou yo chwazi libète ak lavi etènèl oubyen kaptivite ak lanmò, **2 Ne.** 2:27. Ou lib; ou gen pèmision pou w aji pou tèt pa w, **Ela.** 14:30.

Yon tyè nan abitan syèl la te rejte l pou-tèt lib abit yo, **D&A** 29:36. Li nesesè pou dyab la tante lèzòm, san sa yo pa kapab endepandan, **D&A** 29:39. Se pou chak moun chwazi pou tèt pa li, **D&A** 37:4. Chak moun kapab aji dapre lib abit moral m te ba li a, **D&A** 101:78.

Satan te vle detwi lib abit lèzòm, **Moyiz** 4:3. Senyè a te bay lèzòm lib abit li, **Moyiz** 7:32.

Liberatè. *Gade tou nan* Jezikri

Jezikri se Liberatè lèzòm paske Li delivre tout moun anba esklavaj lanmò ak moun ki repanti anba dèt peche.

Senyè a se wòch mwen ak liberatè m, **2 Sam.** 22:2 (**Sòm** 18:2; 144:2). Ou se èd mwen ak liberatè m, **Sòm** 40:17 (**Sòm** 70:5).

Liberatè a ap soti nan Siyon, **Wom.** 11:26.

Sen yo rekonèt Pitit Gason Bondye a kòm Redanmètè ak Liberatè yo, **D&A** 138:23.

Libète. *Gade tou nan* Kaptivite; Lib, libète; Lib abit

Eta oubyen kondisyon lè yon moun

kapab aji ak panse avèk libète. Obeyisans nan prensip levanjil yo libere yon moun anba esklavaj esprityèl peche (Jan 8:31–36).

M ap mache nan libète: paske m chèche presèp ou yo, **Sòm** 119:45.

Kote Lespri Senyè a ye, gen libète, **2 Kor.** 3:17. Kanpe fèm nan libète kote Kris la te fè w lib la, **Gal.** 5:1 (**D&A** 88:86).

Lèzòm lib pou yo chwazi libète ak lavi etènèl, **2 Ne.** 2:27. Tè sa a pral yon tè libète, **2 Ne.** 10:11. Mowoni te plante drapo libète a nan pami Nefit yo, **Alma** 46:36.

Senyè a ak sèvitè li yo deklare libète bay lespri kaptif yo, **D&A** 138:18, 31, 42.

Lik. *Gade tou nan* Levanjil yo; Travay apot yo

Otè Levanjil Lik la ak liv Travay nan Nouvo testaman an epi yon misyonè konpayon Pòl. Paran li yo te Grèk epi li te pratike medsin (Kol. 4:14). Lik te byen edike. Li te idantifye tèt li kòm yon konpayon Apot Pòl lè l t ale jwenn Pòl nan Twoas la (Tra. 16:10–11). Lik te avèk Pòl tou nan Filipi, nan dènye vwayaj Pòl te fè nan Jerizalèm nan (Tra. 20:6), epi yo de a te ansanm jistan yo te rive nan Wòm. Lik te avèk Pòl tou lè Women yo te anprizone l dezyèm fwa a (2 Tim. 4:11). Tradisyon fè konnen li te mouri matirize.

Levanjil Lik la: Yon rejis Lik te ekri konsènan Jezikri ak ministè mòtèl Li. Liv Travay Apot yo se kontinyasyon Levanjil Lik la. Lik te kite yon rejis byen ekri konsènan ministè Jezi, li te prezante Jezi kòm Sovè ni Juif yo ni Janti yo. Li te ekri anpil bagay konsènan ansèyman ak zèv Jezi. Se nan Lik nou jwenn sèl istwa vizit Gabriyèl te fè Zakari ak Mari a (Lik 1); vizit bèje yo te fè bebe Jezi a (Lik 2:8–18); Jezi nan tanp lan a laj 12 zan an (Lik 2:41–52); swasanndis yo te resevwa apèl epi yo t ale (Lik 10:1–24); Jezi te swe san (Lik 22:44); dyalòg Jezi avèk volè a sou kwa a (Lik 23:39–43); epi lè Jezi t ap manje pwason ak myèl la apre Rezirèksyon L lan (Lik 24:42–43).

Pou yon lis sou evènman nan lavi Sovè a yo dekri nan Levanjil Lik la, gade Amoni levanjil yo nan apendis la.

Limi. *Gade tou nan Noye, pitit gason Zenif*

Nan Liv Mòmmon an, yon wa jis Nefit yo te genyen nan peyi Nefi a; li te yon pitit gason Wa Noye (Mozya 7:7–9). Wa Limi te fè alyans pou l sèvi Bondye (Mozya 21:32). Li te wete pèp li a nan esklavaj anba Lamanit yo epi li te retounen nan Zarayemla (Mozya 22).

Limyè, limyè Kris. *Gade tou nan Entèlijans, entèlijans yo; Jezikri; Konsyans; Sentespri; Verite*

Enèji diven, pouvwa, oubyen enfliyan ki soti nan Bondye vin nan Kris la epi ki bay tout bagay limyè ak lavi. Se lwa ki gouvènè tout bagay nan syèl la epi sou tè a (D&A 88:6–13). Li ede moun tou pou yo konprann verite levanjil yo epi li ede pou tabli yo nan santye ki mennen nan sali (Jan 3:19–21; Jan 12:46; Alma 26:15; Alma 32:35; D&A 93:28–29, 31–32, 40, 42).

Moun pa dwe konfonn limyè Kris la avèk Sentespri a. Limyè Kris la pa yon pèsonaj. Li gen yon enfliyan ki soti nan Bondye epi ki prepare yon moun pou resevwa Sentespri a. Se yon enfliyan pou byen nan lavi tout moun (Jan 1:9; D&A 84:46–47).

Yon manifestasyon limyè Kris la se konsyans, ki ede yon moun chwazi ant byen ak mal (Mowo. 7:16). Lè moun ap aprann plis konsènan levanjil la, konsyans yo vin pi sansib (Mowo. 7:12–19). Moun ki suiv limyè Kris la, yo resevwa direksyon pou yo ale nan levanjil Jezikri a (D&A 84:46–48).

Senyè a se limyè m, **Sòm** 27:1. An nou mache nan limyè Senyè a, **Eza.** 2:5 (2 Ne. 12:5). Senyè a pral yon limyè etènèl, **Eza.** 60:19.

Vrè Limyè a klere chak moun ki vini nan mond lan, **Jan** 1:4–9 (Jan 3:19; D&A 6:21; 34:1–3). M se limyè mond lan, **Jan** 8:12 (Jan 9:5; D&A 11:28).

Nenpòt sa ki limyè, li bon, **Alma** 32:35. Kris la se lavi ak limyè mond lan, **Alma** 38:9 (3 Ne. 9:18; 11:11; Etè 4:12). Tout moun te resevwa Lespri Kris la pou yo kapab konnen byen ak mal, **Mowo.** 7:15–19.

Sa ki soti nan Bondye, li se limyè, epi li klere pi byen jistan li vin fè jou, **D&A** 50:24. Lespri a bay chak moun limyè, **D&A** 84:45–48 (D&A 93:1–2). Yon moun ki respekte kòmandman li yo, li resevwa limyè ak verite, **D&A** 93:27–28. Limyè ak verite renonse malen an, **D&A** 93:37.

Lisifè. *Gade tou nan Antekris; Destriktè; Dyab; Lanfè; Pitit pèdisyon yo*

Non an vledi “Moun ki klere” oubyen “Moun ki pote Limyè a”. Li pote non Pitit gason Maten an tou. Lisifè te yon pitit gason lespri Papa Bondye epi se li ki te dirije rebelyon an nan lavi premòtèl la. Non Lisifè a parèt yon sèl fwa nan Bib la (Eza. 14:12). Revelasyon dènye jou bay plis detay sou Chit Lisifè a (D&A 76:25–29).

Lisifè te Chite nan egzistans premòtèl la, **Eza.** 14:12 (Lik 10:18; 2 Ne. 24:12).

Aprè chit li a li te vin tounen Satan epi dyab la, **D&A** 76:25–29 (Moyiz 4:1–4).

Liv Ekriti pèdi yo. *Gade nan Ekriti yo—Ekriti pèdi yo*

Liv Kanonik. *Gade nan Kanonik*

Liv Kòmandman yo. *Gade tou nan Doktrin ak Alyans yo; Revelasyon*

Nan 1833, yon kantite revelasyon Pwofèt Joseph Smith te resevwa, yo te pare pou piblikasyon sou tit A Book of Commandments for the Government of the Church of Christ. Senyè a te kontinye kominike avèk sèvitè L yo, epi yon pi gwo konpilasyon te pibliye apre de zan kòm Doktrin ak Alyans yo.

D&A 1 se prefas Senyè a te bay pou Liv Kòmandman l yo, **D&A** 1:6. Senyè a bay moun ki pi saj la defi pou l refè revelasyon ki pi piti nan Liv Kòmandman l lan, **D&A** 67:4–9. Yo te miltipliye responsablite pou fè pibliye revelasyon yo, **D&A** 70:1–5.

Liv lavi. *Gade tou nan Liv rapèl*

Nan yon sans Liv Lavi a se tout lide ak aksyon yon moun—rejis lavi l. Men, ekriti yo fè konnen tou fidèl yo gen yon

Liv Mòmmon

rejis selès ki gen ladan l non yo ak kont randi aksyon jis yo.

Senyè a ap efase pechè yo nan liv li a, **Egz.** 32:33.

Sa yo ki reziste p ap efase nan liv lavi a, **Apok.** 3:5. Yon lòt liv te louvri, ki se liv lavi a, **Apok.** 20:12 (D&A 128:6–7).

Non jis yo ap ekri nan liv lavi a, **Alma** 5:58.

Priyè w yo ap anrejistre nan liv non santifye yo, **D&A** 88:2.

Liv Mòmmon. *Gade tou nan* Efrayim—

Bwa Efrayim oubyen Bwa Jozèf; Ekriti yo; Kanonik; Mòmmon, pwofèt Nefit; Plak; Plak lò yo; Smith, Joseph, pitit la; Temwen Liv Mòmmon yo

Youn nan kat volim ekriti Legliz Jezi-kri pou Sen Dènye Jou yo aksepte. Se yon rezime ansyen pwofèt ki te rele Mòmmon an te fè avèk rejis ansyen abitan Amerik yo. Li te ekri pou temwaye Jezi se Kris la. Konsènan rejis sa a, pwofèt Joseph Smith ki te tradui l avèk don epi avèk pouvwa Bondye te di, “M te di frè yo konsa Liv Mòmmon an te liv ki pi korèk pase nenpòt lòt liv sou tè a, li se pwen santral relijyon nou an, epi yon moun ki obeyi presèp li yo kapab vin pi pre Bondye pase nenpòt lòt liv” (gade nan entwodiksyon devan Liv Mòmmon an).

Liv Mòmmon an se istwa relijyon twa gwoup moun ki te soti nan Ansyen mond lan pou vin nan kontinan Ameriken yo. Se Pwofèt ki te ekri istwa relijyon ak istwa pwofane gwoup sa yo sou plak metal, ki te dirije yo. Liv Mòmmon an rapòte vizit Jezikri bay pèp nan Amerik yo apre Rezirèksyon Li. Te vin gen yon epòk pè pou desan ane apre vizit Kris la.

Mowoni, dènye pwofèt-istoryen Nefit ki te sele rejis rezime pèp sa yo, te sere yo nan anwiwon 421 APRE JEZIKRI. Nan 1823, Mowoni ki te resisite a te vizite Joseph Smith epi pita li te ba li ansyen rejis sakre yo pou yo te kapab prezante devan mond lan kòm yon lòt temwayaj Jezikri.

Jozèf se yon ramo pwodiktif ki gen branch li lòtbò miray la, **Jen.** 49:22–26. Verite ap soti nan tè a, **Sòm** 85:11 (Mòm. 8:16; Moyiz 7:62). Senyè a ap leve yon

banyè devan nasyon yo epi l ap leve yo, **Eza.** 5:26. Yon vwa ap soti nan tè a, **Eza.** 29:4 (2 Ne. 26:14–17). Vizyon tout moun vin tounen menm jan ak pawòl yon liv ki sele, **Eza.** 29:11 (Eza. 29:9–18; 2 Ne. 27:6–26). Bwa Jozèf la ak bwa Jida a ap vin tounen yon sèl nan men Senyè a, **Ezek.** 37:15–20.

M gen lòt brebi ki pa nan pak sa a, **Jan** 10:16 (3 Ne. 15:16–24).

Liv Mòmmon an ak Bib la mache ansanm, **2 Ne.** 3:12–21. Pawòl Senyè a y ap soufle nan tout kwen tè a, **2 Ne.** 29:2. Senyè a te fè alyans avèk Enòs pou l pote Liv Mòmmon an bay Lamanit yo, **Enòs** 1:15–16. Liv Mòmmon an te ekri nan entansyon pou nou kapab kwè nan Bib la, **Mòm.** 7:9. Liv Mòmmon an ap kanpe kòm yon temwayaj kont mond lan, **Etè** 5:4. Mande Bondye si bagay sa yo pa vre, **Mowo.** 10:4.

Kris te rann temwayaj Liv Mòmmon an se verite, **D&A** 17:6. Liv Mòmmon an gen plenitid levanjil Jezikri a, **D&A** 20:9 (D&A 20:8–12; 42:12).

Nou kwè Liv Mòmmon an se pawòl Bondye, **AL** 1:8.

Liv rapèl. *Gade tou nan* Jeneyaloji; Liv lavi

Yon liv Adan te kòmanse, li te anrejistre zèv desandan l yo ladan l; epi tou, nenpòt rejis menm jan ak sa pwofèt yo oubyen manm fidèl yo kenbe depi lè sa a. Adan ak pitit li yo te gen yon liv rapèl, yo te ekri ladan l ap lespri enspirasyon an, epi yon liv jenerasyon yo ki gen yon jeneyaloji (Moyiz 6:5, 8). Rejis sa yo kapab ede pou detèmine jijman final nou.

Yon liv rapèl te ekri, **Mal.** 3:16–18 (3 Ne. 24:16–18).

Tout moun ki pa gen non yo ekri nan liv rapèl la p ap gen eritaj nan jou sa a, **D&A** 85:9. Mò yo te jije ak liv ki te gen rejis zèv yo, **D&A** 128:7. An nou prezante yon liv ki gen rejis mò nou yo, **D&A** 128:24.

Yo te konsève yon liv rapèl, **Moyiz** 6:5–8. Nou gen yon liv rapèl, **Moyiz** 6:46. Abraram te devwe l pou l ekri yon rejis pou posterite l, **Abr.** 1:31.

Livré

Yon raje pwazon ki sanble avèk ble. Yo pa kapab distenge l avèk ble jistan li fin grandi konplètman (Mat. 13:24–30; D&A 86:1–7).

Lyawona

Nan Liv Mòmmon an, yon boul kuiv ki gen de zegwi pou bay direksyon—tan-kou yon konpa—epi tou enstriksyon espirityèl pou Leyi ak disip li yo lè yo te jis. Senyè a te founi Lyawona a epi li te bay enstriksyon ladan l.

Leyi te jwenn yon boul kuiv avèk de zegwi ki te fikse direksyon pou Leyi ak fanmi l te fè, **1 Ne.** 16:10. Boul la te travay selon lafwa ak dilijans, **1 Ne.** 16:28–29 (Alma 37:40). Benjamen te bay Mozya boul la, **Mozya** 1:16. Boul la oubyen direktè a te rele Lyawona a, **Alma** 37:38. Lyawona a te konpare avèk pawòl Kris, **Alma** 37:43–45.

Twa Temwen Liv Mòmmon yo gen pou yo wè direktè Leyi te resevwa a, **D&A** 17:1.

Lo. *Gade tou nan* Abraram

Nan Ansyen Testaman an, pitit gason Aran epi neve Abraram (Jen. 11:27, 31; Abr. 2:4). Aran te mouri poutèt famin ki te genyen nan Our (Abr. 2:1). Lo te kite Our avèk Abraram epi Sara epi li te vwayaje avèk yo ale nan Kanaran (Jen. 12:4–5). Lo te prefere rete nan Sodòm. Senyè a te voye mesaj pou avèti Lo pou l sove kite Sodòm anvan Senyè a te detwi Sodòm poutèt mechanste pèp la (Jen. 13:8–13; 19:1, 13, 15); sepandan, madanm Lo te vire gade dèyè pou l te kapab wè destriksyon an epi li te vin tounen yon estati sèl (Jen. 19:26). Nouvo Testaman an gen referans konsènan Lo (Lik 17:29; 2 Pyè 2:6–7). Lavi li apre l te fin separe avèk Abraram nan dekri nan Jenèz 13, 14, ak 19.

Lobo. *Gade nan* Kontansyon**Lòd ini.** *Gade tou nan* Konsakre, lwa konsekrasyon

Yon òganizasyon kote Sen yo nan kòmmanman Legliz retabli a te eseye pratike

lwa konsekrasyon an. Moun te pataje teren, byen, ak pwofi epi yo te resevwa bagay sa yo dapre bezwen yo ak nesosite yo (D&A 51:3; 78:1–15; 104).

Nan bagay tanporèl yo n ap menm, **D&A** 70:14. Sen yo dwe òganize yo pou yo ka menm nan tout bagay, **D&A** 78:3–11 (D&A 82:17–20). Senyè a bay lòd ini yon revelasyon ak yon kòmandman, **D&A** 92:1. John Johnson dwe vin yon manm nan lòd ini, **D&A** 96:6–9. Bondye te bay enstriksyon jeneral yo pou fè lòd ini mache, **D&A** 104. Pèp mwen an pa ini dapre inyon wayòm selès mande, **D&A** 105:1–13.

Lògèy. *Gade tou nan* Anven, vanite; Enb, imilite; Lajan; Mondanite; Richès

Yon mank oubyen absans imilite oubyen ki pa dispoze. Lògèy mete moun nan opozisyon youn kont lòt epi kont Bondye. Yon moun ògeye mete tèt li pi wo pase lòt moun yo ki bò kote l, epi li suiv volontè pa l tan pou l ta suiv volontè Bondye. Vanite, anvi, kè di, ak woten se karakteristik yon moun ki ògeye.

Fè atansyon pou w pa bliye Senyè a pou kè w pa vin di, **Def.** 8:11–14. M rayi lògèy ak awogans, **Pwov.** 8:13 (Pwov. 6:16–17). Lògèy vin anvan destriksyon, **Pwov.** 16:18. Jou Senyè a pral tonbe sou ògeye yo, **Eza.** 2:11–12 (2 Ne. 12:11–12). Lògèy ki nan kè w la te twonpe w, **Abd.** 1:3. Tout ògeye yo pral boule, **Mal.** 4:1 (1 Ne. 22:15; 3 Ne. 25:1; D&A 29:9).

Nenpòt moun ki leve tèt li l ap bese, **Mat.** 23:12 (D&A 101:42). Bondye opoze ak moun ki ògeye, **1 Pyè** 5:5.

Gran bilding laj la se lògèy mond lan, **1 Ne.** 11:36 (1 Ne. 12:18). Lè yo save yopanse yo saj, **2 Ne.** 9:28–29. Ou gonfle avèk lògèy nan kè w, **Jakòb** 2:13, 16 (Alma 4:8–12). Èske w make avèk lògèy, **Alma** 5:28. Pakèt kantite lògèy te antre nan kè pèp la, **Ela.** 3:33–36. Li fasil anpil pou lèzòm chaje kè yo avèk lògèy, **Ela.** 12:4–5. Lògèy nasyon sa a te lakoz destriksyon l, **Mowo.** 8:27.

Fè atansyon avèk lògèy, pou w pa vin tankou Nefit yo, **D&A** 38:39. Sispann

Lòm

avèk tout lògèy ak basès nou yo, **D&A** 88:121.

Lòm. *Gade nan Lèzòm, lòm*

Lòm natirèl. *Gade tou nan Chanèl; Chit Adan ak Èv; Fèt ankò, fèt nan Bondye*

Yon moun ki pito kite pasyon, anvi, apeti, ak sans kò a enfliyanse l pase enspirasyon Lespri Sen an. yon moun konsa kapab konprann bagay fizik men li pa kapab konprann bagay esprityèl yo. Tout moun chanèl oubyen mòtèl poutèt Chit Adan ak Èv la. Chak moun dwe fèt ankò nan Ekspyasyon Jezikri a pou yo kapab sispann rete natirèl.

Moun natirèl la pa resevwa bagay Lespri yo, **1 Kor.** 2:14.

Moun natirèl la se yon ènmi Bondye epi nou dwe renonse avèk sa, **Mozya** 3:19. Yon moun ki pèsiste nan pwòp nati chanèl pa li, li rete nan eta dechire l la, **Mozya** 16:5 (**Alma** 42:7–24; **D&A** 20:20). Ki moun natirèl la ki konnen bagay sa yo, **Alma** 26:19–22. Natirèl oubyen chanèl lèzòm san Bondye nan mond lan, **Alma** 41:11.

Poutèt transgresyon li, lòm te vin mouri esprityèlman, **D&A** 29:41. Ni tou okenn moun natirèl pa kapab sipòte prezans Bondye, **D&A** 67:12.

Epi lòm te kòmanse vin chanèl, sansyèl, epi dyabolik, **Moyiz** 5:13 (**Moyiz** 6:49).

Lòm Sentete a. *Gade tou nan Bondye, Divinite; Papa ki nan Syèl la; Piti gason lòm nan*

Yon lòt non pou Papa Bondye (**Moyiz** 6:57).

Louwanj, Lwanj. *Gade nan Lògèy*

Lwa. *Gade tou nan Benediksyon, beni; Kòmandman Bondye yo; Lwa Moyiz; Obeyi, obeyisan, obeyisans*

Kòmandman oubyen règ Bondye ki se baz tout benediksyon ak pinisyon ni nan syèl la ak sou tè a. Moun ki obeyi lwa Bondye yo resevwa benediksyon Bondye te pwomèt yo. Pwofèt Joseph Smith

te anseye ke moun ta dwe obeyi, onore, epi soutni lwa peyi yo tou (**AL** 1:12).

Lwa Moyiz la se te yon lwa preparatwa pou mennen gason ak fi yo vin jwenn Kris. Se te yon lwa restriksyon, preskripsyon, ak òdonans. Jodi a lwa Kris la, ki akonpli lwa Moyiz la, se plenitid levanjil la oubyen “lwa libète pafè a” (**Jak** 1:25).

Bondye te bay Adan kòmandman, **Jen.** 1:28; 2:16–17. Bondye te bay Noye lwa, **Jen.** 9:1. Lwa Senyè a pafè, nan konvèti nanm moun, **Sòm** 19:7. Senyè a se lejislatè nou, **Eza.** 33:22.

Genyen yon sèl moun ki bay lalwa, **Jak** 4:12.

Kote ki pa gen lwa, pa gen pinisyon, **2 Ne.** 9:25. Te gen yon lwa, **Alma** 42:17–22. Lèzòm pral sou jijman dapre lalwa, **Alma** 42:23. Kris se lwa a, **3 Ne.** 15:9.

Tout lwa esprityèl, **D&A** 29:34. Joseph Smith te resevwa lwa Legliz kòm revelasyon, **D&A** 42. Yon moun ki kenbe lwa Bondye yo, li pa bezwen dezobeyi lwa peyi a, **D&A** 58:21. Limyè Kris la se lwa ki gouvènè tout bagay, **D&A** 88:7–13. Li te tabli yon lwa pou tout bagay, **D&A** 88:42–43. Moun ta dwe obeyi lwa peyi yo, **D&A** 98:4–5. Lè nou jwenn yon benediksyon nan men Bondye, se lè nou obeyi lwa li, **D&A** 130:20–21. Legliz la deklare kwayans li konsènan lwa sivil yo, **D&A** 134.

Limante sove nan obeyisans lwa yo ak òdonans levanjil la, **AL** 1:3.

Lwa Moyiz. *Gade tou nan Lwa; Moyiz; Prètriz Aawon an; Pwòp ak malpwòp*

Bondye te bay Moyiz lwa pou kay Izrayèl la pou ranplase pi gwo lwa yo pa t vle obeyi a (**Egz.** 34; **TJS,** **Egz.** 34:1–2; **TJS,** **Det.** 10:2 [**Apendis**]). Lwa Moyiz la te gen anpil prensip, règ, seremoni, rityèl, ak senbòl pou raple pèp la devwa yo ak responsablite yo. Ladan l, te genyen yon lwa kòmandman ak obsèvasyon moral, etik relijye, ak fizik epi ak pèfòmans—ki te genyen sakrifis (**Lev.** 1–7)—entansyon bagay sa yo se te pou fè moun yo sonje Bondye ak devwa yo anvè Li (**Mozya** 13:30). Lafwa, repantans, batèm

nan dlo, ak padon pou peche te fè pati lwa a, menm jan avèk Dis Kòmandman yo ak anpil lòt kòmandman ki gen yon valè etik moral. Pi fò nan lwa seremonyèl yo te akonpli lè lanmò ak Rezirèksyon Jezikri, ki te fini sakrifis koule san (Alma 34:13–14). Lwa a te administre sou direksyon Prètriz Aawon an epi li te yon levanjil preparatwa pou mennen moun ki obsève l yo bay Kris.

M pral ba yo yon lwa menm jan avèk premye a, men l ap daprè yon lwa kòmandman chanèl, **TJS, Egz. 34:1–2**.

Lwa a te pwofese nou pou mennen nou bay Kris, **Gal. 3:19–24**.

Nou kenbe lwa Moyiz la epi nou gade Kris la tennfas, **2 Ne. 25:24–30**. Sali pa vini nan lwa Moyiz la sèlman, **Mozya 12:27–13:32**. Se nan mwen lwa Moyiz la akonpli, **3 Ne. 9:17**. Lwa Moyiz te resevwa a te fini nan mwen, **3 Ne. 15:1–10**.

Poutèt dezobeyisans, Senyè a te wete Moyiz ak Prètriz Sen an nan pami pitit Izrayèl yo, li te kite lwa kòmandman chanèl, **D&A 84:23–27**.

Lwanj. *Gade nan* Glwa; Rekonesan, remèsiman

Lwil. *Gade tou nan* Administrasyon pou malad; Pye oliv; Wen

Jeneralman lè yo mansyone lwil nan ekriti yo, yo vle di lwil oliv. Depi nan epòk Ansyen Testaman an, yo te konn itilize lwil oliv pou rityèl nan tanp ak tabènak, pou gerizon, pou limen lanp, epi pou manje. Kèk fwa lwil oliv se yon senbòl pou pita, pou Lespri Sen an ak enfliyan li (1 Sam. 10:1, 6; 16:13; Eza. 61:1–3).

Prèt la dwe mete lwil sou pwent zòrèy dwat la, **Lev. 14:28–29**. Senyè a te voye m pou m friksyonnen w kòm wa sou tèt pèp sa a, **1 Sam. 15:1**. Po lwil vèv la pa t vin vid, **1 Wa 17:10–16**. Senyè a te friksyonnen tèt mwen avèk lwil, **Sòm 23:5**.

Yo te friksyonnen tèt anpil moun ki te malad avèk lwil, **Mak 6:13**. Kite ansyen yo priye sou li, friksyonnen l avèk lwil, **Jak 5:13–15**.

Pote ak mèch ou limen epi pote lwil avèk ou, **D&A 33:17** (Mat. 25:1–13).

Mache, mache avèk Bondye. *Gade tou nan* Chemen; Jis, jistis; Obeyi, obeyisan, obeyisans

Lè moun akòde yo avèk ansèyman Bondye epi yo viv jan Bondye ta vle pèp Li viv; lè moun reseptif epi yo obeyi direksyon Sentespri a.

M kapab teste yo, pou m wè si y ap mache nan lwa mwen, **Egz. 16:4**. Moun ki mache dwat yo p ap pèdi okenn bon bagay, **Sòm 84:11**. Moun ki mache nan regilasyon mwen epi ki kenbe òdonans mwen yo, y ap pèp mwen, **Ezek. 11:20–21** (Det. 8:6). Ki sa Senyè a rekòmande nan men w eksepte pou w mache avèk Bondye nan imilite, **Miche 6:8** (D&A 11:12).

Mache nan limyè a, kòm Bondye nan limyè a, **1 Jn. 1:7** (2 Jn. 1:6; 3 Jn. 1:4; 4 Ne. 1:12).

Mache nan chemen dwat ki mennen nan lavi a, **2 Ne. 33:9**. Wa Benjamin te mache avèk yon konsyans pwòp devan Bondye, **Mozya 2:27**. Devwa w se pou ou mache san tach daprè lòd sen Bondye a, **Alma 7:22**.

Manm Legliz yo dwe gen yon konduit ak yon konvèsasyon diven, **D&A 20:69**. Koute pwofèt la epi mache nan tout sentete devan Senyè a, **D&A 21:4**. Anseye timoun yo priye epi pou yo mache dwat devan Senyè a, **D&A 68:28**.

Rete nan mwen, epi m ap rete nan ou; se poutèt sa, mache avèk mwen, **Moyiz 6:34**.

Madanm. *Gade nan* Fanmi; Maryaj, marye

Magazen. *Gade tou nan* Antrèd

Kote yon evèk resevwa, jere nan sekirite, epi distribye ofrann konsakre Sen Dènye Jou pou pòv yo. Chak magazen kapab ase piti oubyen ase gran, jan sikonstans yo egzije. Sen fidèl yo bay evèk la talan, konesans, materyèl, ak mwayen finansye pou pran swen pòv yo nan tan bezwen. Sepandan, yon magazen kapab genyen yon lis sèvis disponib, lajan, manje, oubyen lòt komodite. Evèk la se ajans magazen an epi li distribye byen ak sèvis daprè

Magòg

bezwen epi jan Lespri Senyè a dikte l (D&A 42:29–36; 82:14–19).

Kite yo rasanble manje pou yo anmagazine pou sèt ane famin, **Jen.** 41:34–36, 46–57. Pote tout dim yo nan magazen an, **Mal.** 3:10 (3 Ne. 24:10).

Kite evèk la tabli yon magazen pou legliz sa a, **D&A** 51:13. Tout eksè pwovizyon dwe ale nan magazen m nan, **D&A** 70:7–8. Sen yo dwe òganize ak tabli yon magazen, **D&A** 78:1–4. Timoun gen dwa sou magazen Senyè a si paran yo pa genyen, **D&A** 83:5.

Magòg. *Gade tou nan* Dezyèm Vini Jezikri; Gòg

Nan Bib la, yon peyi epi yon pèp pre Lanmè Nwa a. Wa yo a, Gòg, pral dirije lame Magòg yo nan yon dènye gran batay anvan Dezyèm Vini Kris la (Ezek. 38:2; 39:6). Ekriti yo pale de yon lòt gwo batay ant Gòg avèk Magòg nan finisman Milenyòm nan ant patizan Bondye yo avèk patizan malen an (Apok. 20:7–9; D&A 88:111–116).

Mak. *Gade tou nan* Levanjil yo

Nan Nouvo Testaman an Jan Mak te pitit gason Mari, ki te abite nan Jerizalèm nan (Tra. 12:12); li kapab byen te kouzen (oubyen neve) Banabas (Kol. 4:10). Li te akonpaye Pòl ak Banabas soti nan Jerizalèm pou ale nan premye vwayaj misyonè yo a epi li te kite yo nan Pèj (Tra. 12:25; 13:5, 13). Pi ta li te akonpaye Banabas ale nan Chip (Tra. 15:37–39). Li te avèk Pòl nan Wòm (Kol. 4:10; Fil. 1:24), epi li te avèk Pyè nan Babilòn (pwobableman nan Wòm) (1 Pyè 5:13). Finalman, li te avèk Timote nan Efèz (2 Tim. 4:11).

Levanjil Mak la: Dezyèm liv nan Nouvo Testaman an. Levanjil Mak la te pwobableman ekri sou direksyon Pyè. Bi li se te pou l dekri Senyè a kòm Pitit Gason Bondye a ki viv epi ki aji pami lèzòm. Mak dekri avèk enèji epi avèk imilite, enpresyon Jezi te bay oditè li yo. Tradisyon fè konnen apre lanmò Pyè, Mak te vizite Ejipt, li te òganize Legliz la nan Aleksandri, epi yo te matirize l jistan l te mouri.

Pou yon lis sou evènman nan lavi Sovè a yo dekri nan Levanjil Mak la, gade Amoni levanjil yo nan apendis la.

Malachi

Yon pwofèt Ansyen Testaman ki te ekri epi ki te pwofetize anviwon 430 ANVAN JEZIKRI.

Liv Malachi a: Liv oubyen pwofesi Malachi a se dènye liv nan Ansyen Testaman an. Sanble li suiv kat kouran prensipal: (1) peche Izrayèl yo—Malachi 1:6–2:17; 3:8–9; (2) jijman ki pral tonbe sou Izrayèl poutèt dezobeyisans yo—Malachi 1:14; 2:2–3, 12; 3:5; (3) pwomès pou obeyisans—Malachi 3:10–12, 16–18; 4:2–3; epi (4) pwofesi konsènan Izrayèl—Malachi 3:1–5; 4:1, 5–6 (D&A 2; 128:17; I—JS 1:37–39).

Nan pwofesi li yo, Malachi te ekri konsènan Janbatis (Mal. 3:1; Mat. 11:10), Lwa ladim nan (Mal. 3:7–12), Dezyèm Vini Senyè a (Mal. 4:5), epi retou Eli (Mal. 4:5–6; D&A 2; 128:17; I—JS 1:37–39). Sovè a te resite tout Malachi chapit 3 ak 4 la bay Nefit yo (3 Ne. 24–25).

Malad, Maladi

Lè yon moun pa genyen sante. Nan ekriti yo, kèk fwa, maladi fizik sèvi kòm yon senbòl pou yon mank sante espirityèl (Eza. 1:4–7; 33:24).

M te tande priyè w, m te wè dlo nan je w yo: se poutèt sa m geri w, **2 Wa** 20:1–5 (2 Kwo. 32:24; Eza. 38:1–5).

Jezi te mache geri tout kalite maladi, **Mat.** 4:23–24 (1 Ne. 11:31; Mozya 3:5–6). Moun ki byen yo pa bezwen doktè, men se moun ki malad, **Mat.** 9:10–13 (Mak 2:14–17; Lik 5:27–32). Si nenpòt moun nan pami w malad? Li dwe rele ansyen yo, **Jak** 5:14–15.

Kris la pral pote doulè ak maladi pèp li a, **Alma** 7:10–12. Jezi te geri tout malad nan pami Nefit yo, **3 Ne.** 26:15.

Nouri malad yo avèk tandrès, remèd fèy, epi manje lejè, **D&A** 42:43 (Alma 46:40). Toujou sonje malad yo ak aflije yo, **D&A** 52:40. Mete men w sou malad yo, epi y ap geri, **D&A** 66:9.

Malediksyon, Modi. *Gade tou nan*

Danasyon, dane; Pwofanasyon

Nan ekriti yo, yon malediksyon se aplikasyon lwa diven ki pèmèt oubyen ki pote jijman ak konsekans yo sou yon bagay, sou yon moun, oubyen sou yon pèp jeneralman poutèt enjistis. Malediksyon se manifestasyon lanmou ak jistis diven Bondye. Bondye kapab evoke yo dirèkteman oubyen sèvitè otorize L yo kapab pwononse yo. Kèk fwa, se sèlman moun ki dezobeyi Bondye volontèman ki eksperimante konsekans malediksyon epi konsa, yo wete tèt yo devan Lespri Senyè a.

Senyè a kapab wete malediksyon poutèt lafwa yon moun oubyen yon pèp nan Jezikri ak obeyisans nan lwa ak òdonans levanjil la (Alma 23:16–18; 3 Ne. 2:14–16; AL 1:3).

Bondye te modi sèpan an poutèt li te sedui Adan ak Èv, **Jen.** 3:13–15 (Moyiz 4:19–21). Tè a te modi poutèt Adan ak Èv, **Jen.** 3:17–19 (Moyiz 4:23–25). Senyè a te modi Kayen poutèt li te touye Abèl, **Jen.** 4:11–16 (Moyiz 5:22–41). Senyè a te modi Kanaran ak desandan l yo, **Jen.** 9:25–27 (Moyiz 7:6–8; Abr. 1:21–27). Izrayèl ap beni si l obeyisan devan Bondye, epi modi si l dezobeyi, **Det.** 28 (Det. 29:18–28). Gerazi ak desandan l yo te modi avèk lèp Naaman an, **2 Wa** 5:20–27. Senyè a te modi ansyen nasyon Izrayèl la poutèt yo pa t peye ladim ak ofrann, **Mal.** 3:6–10.

Jezi te modi yon pye figye epi li te mouri, **Mak** 11:11–14, 20–21. Jezi te modi vil Korazen, Betsayida ak Kapènawòm, **Lik** 10:10–15.

Poutèt Lamanit yo pa t vle koute Senyè a, yo te soti devan prezans Senyè a epi yo te modi, **2 Ne.** 5:20–24. Tout moun envite pou yo vin jwenn Bondye, **2 Ne.** 26:33. Senyè a pral modi moun ki fè adiltè seksyèl yo, **Jakòb** 2:31–33. Nefit yo pral resevwa yon pi gran malediksyon pase lamanit yo si yo pa repanti, **Jakòb** 3:3–5. Moun rebèl rale malediksyon sou tèt yo, **Alma** 3:18–19 (Det. 11:26–28). Koriyò te modi poutèt li te dirije moun lwen Bondye, **Alma** 30:43–60. Senyè a te modi tè

Nefit yo ak richès yo poutèt inikite pèp la, **Ela.** 13:22–23 (2 Ne. 1:7; Alma 37:31). Senyè a te modi Jaredit mechan yo, **Ètè** 9:28–35. Ekspyasyon Kris la wete malediksyon Adan an sou timoun piti, **Mowo.** 8:8–12.

Moun ki vire do bay Senyè a yo modi, **D&A** 41:1. Tè a pral modi anba yon malediksyon si yon lyezon pa soude ant zansèt yo ak pitit yo, **D&A** 128:18 (Mal. 4:5–6).

Pwofanasyon: Modi vle di itilize langaj pwofàn, blasfematwa, oubyen meprizan tou.

Moun pa dwe modi papa yo ak manman yo, **Egz.** 21:17 (Mat. 15:4). Pa modi moun k ap dirije sou tèt ou yo, **Egz.** 22:28 (Ekl. 10:20). Fi ak gason pa dwe modi Bondye, **Lev.** 24:13–16.

Pyè te pwononse malediksyon lè l te nye Jezi a, **Mat.** 26:69–74.

Nefit mechan yo te modi Bondye epi yo te vle mouri, **Mòm.** 2:14.

Malpwòp. *Gade nan* Pwòp ak malpwòp

Malsen. *Gade nan* Enpi

Mamon. *Gade tou nan* Lajan

Yon mo Aramik ki vledi “richès” (Mat. 6:24; Lik 16:9; D&A 82:22).

Manase. *Gade tou nan* Efrayim; Izrayèl; Jozèf, pitit gason Jakòb

Nan Ansyen Testaman an, pi gran pitit gason Asena avèk Jozèf yo te vann nan Ejipt la (Jen. 41:50–51). Limenm ak frè li a, Efrayim, yo te pitit gason Jakòb (Izrayèl) men li te adopte yo epi li te beni yo kòm si te yo pwòp pitit gason pa l (Jen. 48:1–20).

Tribi Manase a: Desandan Manase yo te konte pami tribi Izrayèl yo (Nonb 1:34–35; Joz. 13:29–31). Benediksyon Moyiz te bay tribi Jozèf la, Efrayim ak Manase a, te anrejistre nan Detewonòm 33:13–17. Yon pati nan tè yo te eritye a te nan lwès Jouden an epi akote pa Efrayim nan. Yo te gen koloni tou nan lès Jouden an, nan tè patiraj rich Bazan ak Galaad la. Nan dènye jou yo, tribi Manase a pral ede tribi

Mande

Efrayim nan rasanble Izrayèl dispèse a (Det. 33:13–17). Pwofèt Liv Mòmmon an ki te rele Leyi a te yon desandan Manase (Alma 10:3).

Mande. *Gade tou nan Priyè*

Fè yon demand, poze yon kesyon, ou-byen voye petisyon bay Bondye pou yon favè espesyal.

Mande, epi w ap resevwa, **Mat.** 7:7. Si nenpòt nan ou manke sajès, se pou l mande Bondye, **Jak** 1:5 (I—JS 1:7–20).

Mande m avèk lafwa, **1 Ne.** 15:11. Si nou pa kapab konprann yo, se poutèt nou pa mande, **2 Ne.** 32:4. Mande m avèk yon kè sensè, **Mozya** 4:10. Bondye akòde w nenpòt sa w mande ki jis, avèk lafwa, **Mozya** 4:21. Mande Bondye si bagay sa yo pa vre, **Mowo.** 10:4.

Yo renmen fènwa pase limyè; se poutèt sa, yo p ap mande m, **D&A** 10:21. Ou resevwa kòmandman nan tout bagay ou mande Bondye, **D&A** 46:7.

Manifest. *Gade tou nan Maryaj, marye—Maryaj pliral; Woodruff, Wilford*

Yon deklarasyon ofisyèl Prezidan Wilford Woodruff te fè nan 1890 ki fè konnen klèman Legliz la ak manm li yo dwe soumèt anba lwa peyi a epi yo pa kontrakte maryaj pliral ankò (DO 1). Prezidan Woodruff fè Piblikasyon an apre yon vizyon ak yon revelasyon nan men Bondye.

Manman. *Gade tou nan Èv; Fanmi; Paran yo*

Yon tit sakre ki bay kòm referans yon fi ki fè oubyen ki adopte timoun. Manman yo bay asistans nan plan Bondye a lè yo bay pitit esprityèl Bondye yo kò mòtèl.

Adan te rele madanm li Èv, paske li se manman tout vivan yo, **Jen.** 3:20 (Moyiz 4:26). Onore papa w ak manman w, **Egz.** 20:12 (Efe. 6:1–3; Mozya 13:20). Pa bliye lwa manman, **Pwov.** 1:8. Yon moun ki sòt, li meprize manman l, **Pwov.** 15:20 (Pwov. 10:1). Pa meprize manman w lè l granmoun, **Pwov.** 23:22. Pitit li yo ak mari li leve epi yo di l li beni epi mari l louwe l, **Pwov.** 31:28.

Manman Jezi te kanpe bò kwa a, **Jan** 19:25–27.

De mil sòlda Lamanit te aprann nan men manman yo, **Alma** 56:47 (Alma 57:21).

Èv, Manman gloriye nou an te nan pami gran lespri fò yo Senyè a te enstwi nan mond dèzespri a, **D&A** 138:38–39.

Manti. *Gade tou nan Move pawòl; Onèt, onètete; Twonpe, twonpri*

Nenpòt kominikasyon fo oubyen ki pa laverite nan entansyon pou twonpe yon moun.

Ou pa dwe vòlè, ni fè move zafè, ni manti, **Lev.** 19:11. M rayi epi m gen repiyans pou manti, **Sòm** 119:163. Bouch mantè se abominasyon devan Senyè a, **Pwov.** 12:22. Yo se pèp mwenn an ki p ap bay manti, **Eza.** 63:8.

Dyab la se yon mantè epi li se papa tout manti, **Jan** 8:44 (2 Ne. 2:18; Etè 8:25; Moyiz 4:4). Ou pa t bay lèzòm manti, men se Bondye w te bay manti, **Tra.** 5:4 (Alma 12:3). Si yon moun di, m renmen Bondye, epi li rayi frè li, li se yon mantè, **1 Jn.** 4:20. Tout mantè pral pran yon dezèm lanmò, **Apok.** 21:8 (D&A 63:17).

Malè yon moun ki mantè, paske yo pral voye l desann nan lanfè, **2 Ne.** 9:34. Anpil moun pral anseye fo doktrin, y ap di: bay yon ti manti epi pa gen mal nan sa, **2 Ne.** 28:8–9 (D&A 10:25). Èske w panse ou kapab manti devan Senyè a, **Alma** 5:17. Ou se yon Bondye verite epi w pa kapab bay manti, **Etè** 3:12 (Nonb 23:19; 1 Sam. 15:29; Tit 1:2; Ebre 6:18; Enòs 1:6).

Yon moun ki fè manti epi ki pa vle repanti, y ap chase l, **D&A** 42:21. Mantè yo eritye glwa telès, **D&A** 76:81, 103–106.

Nou kwè nou dwe onèt, **AL** 1:13.

Mari. *Gade nan Fanmi; Maryaj, marye*

Mari Betani an. *Gade tou nan Laza; Mat*

Nan Nouvo Testaman an, sè Laza ak Mat.

Mari te chita nan pye Jezi pou l koute, **Lik** 10:39, 42. Mari ak sè li a, Mat te voye

chèche Jezi, **Jan** 11:1–45. Li te masaye pye Jezi avèk lwil, **Jan** 12:3–8.

Mari Madlèn

Yon fi nan Nouvo Testaman an ki te vin tounen yon disip devwe Jezikri. Madlèn bay kòm referans Magdala, kote Mari sa a te soti a. Li lokalize sou plaj lwès Lanmè Galile a.

Li te pre kwa a, **Mat.** 27:56 (Mak 15:40; Jan 19:25). Li te nan antèman Kris la, **Mat.** 27:61 (Mak 15:47). Li te bò tonm lan jou maten rezirèksyon an, **Mat.** 28:1 (Mak 16:1; Lik 24:10; Jan 20:1, 11). Jezi te parèt devan Mari an premye apre rezirèksyon li, **Mak** 16:9 (Jan 20:14–18). Sèt dyab yo te soti nan tèt li, **Lik** 8:2.

Mari (Ansyen Testaman). *Gade tou nan Moyiz*

Nan Ansyen Testaman an, sè Moyiz la (Nonb 26:59).

Te veye panye ki te fèt avèk banbou a, **Egz.** 2:1–8. Te dirije fi avèk tanbou yo, **Egz.** 15:20–21. Te mimire kont Moyiz epi maladi lèp te frape li, apre sa li te geri, **Nonb** 12:1–15 (Det. 24:9).

Mari, manman Jezi. *Gade tou nan Jezikri; Jozèf, mari Mari a*

Nan Nouvo Testaman an, yon vyèj Papa Bondye te chwazi pou l vin manman Pitit Gason l lan sou tè a. Apre nensans Jezi, Mari te gen lòt pitit (Mak 6:3).

Li te fyanse avèk Jozèf, **Mat.** 1:18 (Lik 1:27). Jozèf te resevwa konsèy poul pa divòse avèk Mari oubyen pou l pa sispann fiansay la, **Mat.** 1:18–25. Wa Maj yo te vizite Mari, **Mat.** 2:11. Mari ak Jozèf te sove ale nan Ejipt avèk bebe a, Jezi, **Mat.** 2:13–14. Apre lanmò Ewòd, fanmi an te retounen Nazarèt, **Mat.** 2:19–23. Zanj Gabriyèl te vizite Mari, **Lik** 1:26–38. Li te vizite kouzin li a, Elizabèt, **Lik** 1:36, 40–45. Mari te ofri Senyè a yon sòm louwanj, **Lik** 1:46–55. Mari te ale Bètleyèm avèk Jozèf, **Lik** 2:4–5. Mari te fè Jezi epi li te mete l nan yon etab, **Lik** 2:7. Bèje yo t ale Bètleyèm pou yo vizite bebe a, Kris la, **Lik** 2:16–20. Mari ak Jozèf te mennen Jezi nan tanp Jerizalèm nan, **Lik** 2:21–38.

Mari ak Jozèf te mennen Jezi nan fèt Pak la, **Lik** 2:41–52. Mari te nan maryaj nan Kana a, **Jan** 2:2–5. Pandan Sovè a te sou kwa a, li te mande Jan pou li pran swen manman l, **Jan** 19:25–27. Mari te avèk Apot yo apre Kris te fin monte nan syèl la, **Tra.** 1:14.

Mari te yon vyèj pi bèl, pi agreyab pase tout lòt vyèj, **1 Ne.** 11:13–20. Yo te gen pou rele manman Kris la Mari, **Mozya** 3:8. Mari t ap yon vyèj, yon vèsèl chwazi ki presye, **Alma** 7:10.

Mari, Manman Mak. *Gade tou nan Mak*

Nan Nouvo Testaman an, manman Jan Mak ki te ekri Levanjil Mak la (Tra. 12:12).

Marsh, Thomas B.

Premye Prezidan Kowòm Douz Apot yo apre Retablisman Legliz la nan lane 1830. Li te gen kle wayòm nan konsènan Douz yo (D&A 112:16) epi nan lane 1838, te resevwa kòmandman nan revelasyon pou l pibliye pawòl Senyè a (D&A 118:2). Seksyon 31 nan Doktrin ak Alyans yo adrese a li menm. Yo te ekskominye Marsh nan Legliz la nan lane 1839, men li te rebatize an Jiyè 1857.

Maryaj, marye. *Gade tou nan Divòs; Fanmi*

Yon alyans oubyen kontra legal ant yon gason avèk yon fi ki fè yo vin tounen mari ak madanm. Bondye te òdone maryaj (D&A 49:15).

Sa pa bon pou yon gason ta rete pou kont li, **Jen.** 2:18 (Moyiz 3:18). Yon nonm dwe panche bò madanm li epi y ap vin tounen yon sèl kò, **Jen.** 2:24 (Mat. 19:5; Abr. 5:18).

Sa Bondye mete ansanm, pèsonn pa dwe separe l, **Mat.** 19:6 (Mak 10:9). Nan dènye jou yo gen kèk moun ki pral nye kwayans la, y ap refize marye, **1 Tim.** 4:1–3. Maryaj se yon bagay onorab, **Ebre** 13:4.

Senyè a te kòmande pitit gason Leyi yo pou yo marye avèk pitit fi Ismayèl yo, **1 Ne.** 7:1, 5 (1 Ne. 16:7–8).

Maryaj Pliral

Bondye te kreye Adan ak Èv pou yo tounen mari ak madanm, **Moyiz** 3:7, 18, 21–25.

Nouvo alyans etènèl maryaj: Maryaj ki selebre sou lwa levanjil la ak prèttriz sen an, fèt pou lavi mòtèl epi pou letènite. Gason ak fi diy ki sele konsa nan maryaj tanp kapab kontinye kòm mari ak madanm pou tout letènite.

Jezi te anseye lwa maryaj, **Lik** 20:27–36. Ni tou gason pa rete san madanm nan Senyè a, **1 Kor.** 11:11. Mari ak madanm eritye gras lavi a ansanm, **1 Pyè** 3:7.

Nenpòt bagay ou sele sou tè a ap sele nan syèl la, **Ela.** 10:7 (**Mat.** 16:19).

Pou yon moun kapab jwenn degre ki pi wo nan wayòm selès la, li dwe antre nan nouvo alyans etènèl maryaj la, **D&A** 131:1–4. Si se pa mwen ki marye yon mari avèk madanm li, alyans ak maryaj yo a pa gen efè lè yo mouri, **D&A** 132:15. Si yon mari marye avèk yon madanm nan pawòl mwen epi nan nouvo alyans etènèl la, epi Lespri Sen an Pwomèt li sele l, l ap valab lè yo pa nan mond lan, **D&A** 132:19.

Maryaj kwayans diferan: Maryaj ant gason ak fi ki gen kwayans koutim relijye diferan.

Ou pa dwe pran yon madanm nan pami fi Kananeyit yo pou pitit gason m nan, **Jen.** 24:3. Si Jakòb marye avèk youn nan pitit fi Èt yo, ki sa lavi m ap tounen, **Jen.** 27:46 (**Jen.** 28:1–2). Izrayèl pa dwe marye avèk Kananeyit yo, **Det.** 7:3–4. Izrayèl te marye avèk Kananeyit yo, yo te adore fo bondye, epi yo te modi, **Jij** 3:1–8. Madanm Salomon yo te detounen kè l pou fè l adore fo bondye, **1 Wa** 11:1–6. Nou pat vle bay pèp peyi a pitit fi nou yo ni tou nou pa t vle pran pitit fi yo pou pitit gason nou yo, **Ney.** 10:30.

Pa makonnen tèt ou ansanm avèk enkredil yo, **2 Kor.** 6:14.

Senyè a te mete yon mak sou Lamanit yo pou Nefit yo te kapab pa melanje pou kwè nan tradisyon enkorèk yo, **Alma** 3:6–10.

Si se pa mwen ki marye yon mari avèk

yon madanm, alyans ak maryaj yo a pa valab lè yo mouri, **D&A** 132:15.

Pitit lèzòm te chwazi madanm yo jan yo te vle, **Moyiz** 8:13–15.

Maryaj pliral: Maryaj yon mari avèk de oubyen plis madanm ki vivan. Li legal pou yon nonm genyen sèlman yon sèl madanm, eksepte si Senyè a revele yon lòt kòmandman (**Jakòb** 2:27–30). Poutèt revelasyon, moun te pratike maryaj pliral nan epòk Ansyen Testaman an epi nan kòmansman Legliz retabli a sou direksyon pwofèt la ki te gen kle prèttriz la (**D&A** 132:34–40, 45). Yo pa pratike l ankò nan Legliz la (**DO** 1); si yon moun gen plis pase yon sèl madanm, se pa apwopriye pou l manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.

Sarayi te kite Abram marye avèk Aga, **Jen.** 16:1–11. Jakòb te resevwa Leya ak Rachèl epi bòn yo kòm madanm li, **Jen.** 29:21–28 (**Jen.** 30:4, 9, 26). Si yon nonm pran yon lòt madanm, li pa dwe diminye byen premye madanm nan, **Egz.** 21:10. David ak de madanm li yo te monte ale nan Ebwon, **2 Sam.** 2:1–2.

Abram, Izarak, ak Jakòb te obsève kòmandman yo te resevwa, yo te aksepté resevwa plizyè madanm, **D&A** 132:37. David ak Salomon pa t fè okenn peche eksepte bagay yo pa t gen pèmision nan men Senyè yo a, **D&A** 132:38–39.

Maryaj Pliral. *Gade nan* Maryaj, marye—Maryaj pliral

Maryaj Tanp. *Gade nan* Maryaj, marye

Mat. *Gade tou nan* Laza; Mari Betani an

Sè Laza ak Mari nan Nouvo Testaman an (**Lik** 10:38–42; **Jan** 11:1–46; 12:2).

Matirize, mati

Yon moun ki pito bay lavi l tan pou l ta abandone Kris la, levanjil la, oubyen kwayans jis li ak prensip li yo.

Tout san jis yo depi nan Abèl jis nan Zakari pral temwaye kont mechan yo, **Mat.** 23:35 (**Lik** 11:50). Nenpòt moun ki pèdi lavi l poutèt Kris la ak levanjil la,

l ap sove l, **Mak** 8:35 (D&A 98:13). Epi yo te lapide Etyèn avèk kout wòch, **Tra**. 7:59 (Tra. 22:20). Kote ki gen yon temwayaj, dwe gen lanmò moun ki temwaye a, **Ebre** 9:16–17.

Abinadi te tonbe, li te mouri nan dife, **Mozya** 17:20. Yo te voye Amoniyayit konvèti yo nan dife, **Alma** 14:8–11. Anpil te mouri poutèt yo te temwaye konsènan bagay sa yo, **3 Ne**. 10:15.

Nenpòt moun ki bay lavi l nan koz mwen, l ap gen lavi etènèl, **D&A** 98:13–14. Joseph ak Hyrum Smith te pase anba mati pou Retablisman levanjil la, **D&A** 135. Joseph Smith te sele temwayaj la avèk san li, **D&A** 136:39.

Matyas. *Gade tou nan* Apot—
Seleksyon Apot yo

Moun yo te chwazi pou ranplase Jida Iskaryòt kòm yon manm nan Kowòm Douz Apot yo (Tra. 1:15–26). Li te yon disip pandan tout ministè mòtèl Jezi a (Tra. 1:21–22).

Matye. *Gade tou nan* Levanjil yo

Yon Apot Jezikri epi Otè premye liv nan Nouvo Testaman an. Matye, yon Juif ki te yon kolektè enpo pou Women yo nan Kapènawòm, li te petèt nan sèvis Ewòd Antipas. Anvan konvèsyon l yo te rele l Levi, pitit gason Alfe a (Mak 2:14). Yon ti tan apre apèl pou l te vin tounen disip Jezi a, li te fè yon fèt epi Senyè a te la (Mat. 9:9–13; Mak 2:14–17; Lik 5:27–32). Petèt, Matye te gen yon gran kone-sans konsènan ekriti Ansyen Testaman yo epi li te kapab wè akonplisman de-taye pwofesi yo nan lavi Senyè a. Moun pa t konnen anpil bagay konsènan lavi aje Apot la. Yon tradisyon fè konnen li te mouri matirize.

Levanjil Matye a: Premye liv nan Nouvo Testaman an. Levanjil Matye a te petèt ekri premyèman pou Juif Filisti yo. Li itilize anpil sitasyon nan Ansyen Testaman an. Bi prensipal Matye se pou l te montre Jezi se Mesi pwofèt Ansyen Testaman yo te pale a. Li te fè konnen tou Jezi se Wa ak Jij lèzòm.

Pou yon lis sou evènman nan lavi

Sovè a yo dekri nan Levanjil Matye a, gade Amoni levanjil yo nan apendis la.

Mechak. *Gade tou nan* Danyèl

Nan Ansyen Testaman an, Chadrak, Mechak, ak Abèd-Nego te twa jèn Izrayelit, ansanm avèk Danyèl yo te mennen yo andedan palè Nebikadneza, wa Babilòn nan. Non Ebre Mechak te Michayèl. Kat jènòm yo te refize manje nan vyann ak diven wa a pou yo pa t degrade tèt yo (Dan. 1). Wa a te voye Chadrak, Mechak, ak Abèd-Nego nan yon founo dife men Pitit Gason Bondye a te prezève yo (Dan. 3).

Mechan, mechanste. *Gade tou nan*

Enjis, enjistis; Enpi; Peche; Sal, salte; Tenèb, espiritiyèl

Mal, inikite; dezobeyisans kòmandman Bondye yo.

Kòmman pou m ta fè gran mechanste sa a, pou m ta peche kont Bondye, **Jen**. 39:7–9. Senyè a lwen moun ki mechan: men li tande priyè moun ki jis, **Pwov**. 15:29. Lè mechan gouvènè, pèp la plenyen, **Pwov**. 29:2 (D&A 98:9).

Wete moun mechan sa a nan pami nou, **1 Kor**. 5:13. Nou lite kont mechanste espiritiyèl moun anlè nou yo ap fè, **Efe**. 6:12.

Soti nan pami mechan yo, epi pa touche bagay malpwòp mechan yo, **Alma** 5:56–57 (D&A 38:42). Se sitiyasyon final mechan yo, **Alma** 34:35 (Alma 40:13–14). Mechanste pa t janm bonè, **Alma** 41:10. Se mechan ki sèvi pou pini mechan, **Mòm**. 4:5 (D&A 63:33).

Kounyeya menm, gen yon separasyon total ant jis yo ak mechan yo, **D&A** 63:54.

Se konsa mechan yo te fini, **M—JS** 1:55.

Medite. *Gade tou nan* Priyè; Revelasyon

Medité epi panse anpil, souvan sou ekriti yo oubyen lòt bagay Bondye. Lè l konbine avèk priyè meditasyon sou bagay Bondye kapab mennen revelasyon ak konpreyansyon.

Mari te medite bagay sa yo nan kè l, **Lik** 2:19.

Medyatè

Pandan m te chita ap medite nan kè m, m te transpòte, **1 Ne.** 11:1. Kè m medite sou ekriti yo, **2 Ne.** 4:15. Nefi te ale fè wout li, li t ap medite sou bagay Senyè a te montre yo, **Ela.** 10:2–3. Ale lakay ou epi medite sou bagay m te di yo, **3 Ne.** 17:3. Sonje kòman Senyè a te gen mizèrikòd, epi medite sou sa nan kè w, **Mowo.** 10:3.

Medite sou bagay ou te resevwa yo, **D&A** 30:3. Pandan nou t ap medite sou bagay sa yo, Senyè a te touche je konpreyansyon nou, **D&A** 76:19. M te chita nan chanm mwen ap medite sou ekriti yo, **D&A** 138:1–11.

M te reflechi sou li plizyè fwa, **I—JS** 1:12.

Medyatè. *Gade tou nan* Ekspyasyon, ekspye; Jezikri

Yon moun t ap entèsede oubyen yon entèmedyè. Jezikri se medyatè ant Bondye ak lòm. Ekspyasyon l lan te Rann posib mwayen pou pèp la kapab repanti de peche yo epi pou yo vin rekonsilye avèk Bondye.

Okenn moun pa kapab vin jwenn Papa san Jezikri, **Jan** 14:6. Gen yon sèl medyatè ant Bondye ak lèzòm, **1 Tim.** 2:5. Kris se medyatè pi bon alyans lan, **Ebre** 8:6 (Ebre 9:15; 12:24; **D&A** 107:19).

Mesi Sen an pral plede pou tout pitit lèzòm, **2 Ne.** 2:9 (Eza. 53:12; **Mozya** 14:12). Ou ta dwe chèche gran Medyatè a, **2 Ne.** 2:27–28.

Nou vin pafè akoz Jezi ki se medyatè nouvo alyans lan, **D&A** 76:69.

Men, Enpozisyon. *Gade tou nan* Administrasyon pou malad; Don Sentespri; Mete apa; Òdinasyon, òdone

Aksyon lè yo mete men sou tèt yon moun kòm youn nan òdonans prèttriz. Anpil òdonans prèttriz fèt ak enpozisyon men, tankou òdinasyon, benediksyon, administrasyon pou malad, konfimasyon manm Legliz, ak konfere Sentespri a.

Moyiz te mete men li yo sou tèt Jozye, jan Senyè a te kòmande a, **Nonb** 27:18, 22–23 (Det. 34:9).

Jezi te mete men li yo sou kèk moun malad epi li te geri yo, **Mak** 6:5 (Mòm. 9:24). Apot yo te mete men yo sou tèt moun ki pou sèvi yo kòm asistan, **Tra.** 6:5–6. Moun te resevwa Sentespri a anba enpozisyon men, **Tra.** 8:14–17. Ananyas te mete men l yo sou Sayil epi li te retabli vizyon l, **Tra.** 9:12, 17–18. Pòl te mete men l yo sou li epi li te geri, **Tra.** 28:8. Pòl te anseye doktrin batèm ak enpozisyon men, **Ebre** 6:2.

Alma te òdone prèt ak ansyen anba enpozisyon men, **Alma** 6:1. Jezi te bay disp li yo pouvwa pou yo konfere Sentespri a anba enpozisyon men, **3 Ne.** 18:36–37. Sou moun ou mete men w yo, l ap resevwa Sentespri a, **Mowo.** 2:2.

Ansyen yo dwe mete men yo sou timoun yo pou yon benediksyon, **D&A** 20:70. y ap resevwa Sentespri a anba enpozisyon men, **D&A** 35:6 (AL 1:4). Ansyen yo dwe mete men sou malad yo, **D&A** 42:44 (D&A 66:9). Timoun yo dwe resevwa enpozisyon men apre batèm, **D&A** 68:27. Moun resevwa prèttriz la anba enpozisyon men, **D&A** 84:6–16.

Mepri. *Gade nan* Rayi, rayiman

Mesi. *Gade tou nan* Jezikri; Wen An

Yon kalite mo Aramik ak Ebre ki vledi “wen an.” Nan Nouvo Testaman an, Jezi pote non Kris la, ki se ekivalan Grèk pou *Mesi*. Sa vle di Pwofèt wen an, Prèt la, Wa a epi Liberatè Juif yo t ap tann vini avèk enpasans lan.

Anpil Juif te sèlman ap rete tann yon liberatè kont pouvwa Women yo epi pou yon pi gran pwosperite nasyonal; konsa, lè Mesì a te vini, dirijan yo ak anpil lòt moun te rejte L. Sèlman moun ki enb ak fidèl yo te kapab wè Jezi Nazarèt se vrè Kris la (Eza. 53; Mat. 16:16; Jan 4:25–26).

Mesi a ap gen Lespri a, l ap preche levanjil la, epi l ap pwoklame libète, **Eza.** 61:1–3 (Lik 4:18–21).

Nou te jwenn Mesì a, ki vle di, Kris la, **Jan** 1:41 (Jan 4:25–26).

Bondye te leve yon Mesì nan pami Juif yo ki vle di yon Sovè, **1 Ne.** 10:4. Pitit Gason Bondye a se te Mesì ki te gen pou vini

an, **1 Ne.** 10:17. Redanmsyon vini avèk epi nan sen Mesi a, **2 Ne.** 2:6. Mesi a vini nan plenitud tan yo, **2 Ne.** 2:26. Mesi a pral leve nan pami mò yo, **2 Ne.** 25:14.

Nan non Mesi a m konfere Prètriz Aawon an, **D&A** 13.

Senyè a te di konsa, m se Mesi a, Wa Siyon, **Moyiz** 7:53.

Mèsi. *Gade nan* Rekonesan, remèsiman

Mete apa. *Gade tou nan* Aple, Bondye te aple, apèl; Men, Enpozisyon

Lè yon moun chwazi epi konsakre pou bi ki sen. Chaj sa a se pou sèvis detèmine nan òganizasyon Legliz la, pa enpozisyon men yon moun ki gen otorite apwopriye. Se sèlman moun ki prezide sou tèt kowòm prètriz ki resevwa kle lè dirijan yo mete yo apa. Moun yo mete apa pou pozisyon ki pa pozisyon kòm prezidan kowòm prètriz kapab resevwa yon benediksyon prètriz, men yo pa resevwa okenn kle avèk benediksyon sa a.

Mete Banabas ak Sayil apa pou travay la, **Tra.** 13:2-3.

Yo dwe mete lòt evèk yo apa, **D&A** 68:14. Evèk la, ki se yon jij òdinè, yo dwe mete l apa pou ministè sa a, **D&A** 107:17, 74.

Yon moun dwe resevwa apèl nan men Bondye nan pwofesi epi anba enpozisyon men, **AL** 1:5.

Metichèla. *Gade tou nan* Enòk

Yon pitit gason Enòk nan Ansyen Testaman an. Metichèla te viv pandan 969 ane (Jen. 5:21-27; Lik 3:37; Moyiz 8:7). Li te yon pwofèt jis ki te rete sou tè a lè vil Enòk la te monte nan syèl la. Li te rete sou tè a pou l te kapab kreye yon pwosterite kote Noye ta pral soti a (**Moyiz** 8:3-4).

Mèlkisedèk. *Gade tou nan* Prètriz Mèlkisedèk; Salèm

Yon gran prèt respektab nan Ansyen Testaman, yon pwofèt, epi yon dirijan ki te viv apre Delij la epi pandan epòk Abraram nan. Yo te rele l wa Salèm (Jerizalèm), wa lapè, wa jistis (ki se siyifikasyon Ebre pou mo *Mèlkisedèk* la), epi prèt Bondye Ki Pi Wo a.

Abraram te peye Mèlkisedèk ladim, **Jen.** 14:18-20. Pèp Mèlkisedèk la te fè jistis, epi yo te jwenn syèl la, **TJS, Jen.** 14:25-40.

Kris la te yon gran prèt dapre degre Mèlkisedèk la, **Ebre** 5:6. Mèlkisedèk te Wa Salèm, prèt Bondye Ki Pi Wo a, **Ebre** 7:1-3.

Pèsonn pa t pi gran pase Mèlkisedèk, **Alma** 13:14-19.

Abraram te resevwa prètriz la nan men Mèlkisedèk, **D&A** 84:14. Poutèt respè pou non Senyè a, ansyen Legliz la te rele pi gran prètriz la, Prètriz Mèlkisedèk, **D&A** 107:1-4.

Mèt Kare

Inite longè pami Ebre yo—oriinalman distans ki soti nan koud ponyèt ale nan pwent dwèt yo.

Miche

Yon pwofèt Ansyen Testaman. Li te moun nan Morechèt, nan plèn peyi Jida a, epi li te pwofetize pandan Ezekyas te wa a (Miche 1:1-2).

Liv Miche a: Miche se sèl liv nan Ansyen Testaman an ki lonmen Bètleyèm kòm kote Mesi a ta pral fèt la (Miche 5:2). Nan liv la, Senyè a te konvèse avèk pèp la epi Li rakonte yo bonte Li nan tan pase; Li reklame jistis, mizèrikòd ak imilite nan men yo (Miche 6:8).

Michèl. *Gade tou nan* Adan; Akanj

Non Adan te pote nan lavi premòtèl la. Yo rele l Akanj la. Nan Ebre non an vledi "Moun ki tankou Bondye a."

Michèl, youn nan chèf prens yo te vin ede Danyèl, **Dan.** 10:13, 21 (**D&A** 78:16). Nan dènye jou yo, Michèl, gran prens la pral kanpe, **Dan.** 12:1.

Michèl, akanj la te lite kont dyab la, **Jid** 1:9. Michèl ak zanj li yo te goumen kont dragon an, **Apok.** 12:7 (**Dan.** 7).

Michèl se Adan, **D&A** 27:11 (**D&A** 107:53-57; 128:21). Michèl, akanj Senyè a pral sonnen twonpèt la, **D&A** 29:26. Michèl pral rasanble lame li yo pou l goumen kont Satan, **D&A** 88:112-115. Nou

Milenyòm

te tande vwa Michèl ki t ap detekte dyab la, **D&A** 128:20.

Milenyòm. *Gade tou nan Dezyèm Vini Jezikri; Lanfè*

Peryòd mil ane lapè ki pral kòmanse lè Kris la retounen pou l gouvène pèsònèlman sou tè a (AL 1:10).

Moun p ap leve epe, ni aprann lagè, **Eza.** 2:4 (Miche 4:3; 2 Ne. 12:4). Tè ki te dezole vin tankou jaden Edenn nan, **Ezek.** 36:35.

Yo te viv epi yo te gouvène avèk Kris la pandan mil ane, **Apok.** 20:4.

Poutèt jistis, Satan pa gen pouvwa, **1 Ne.** 22:26.

M pral rete sou tè a nan jistis pandan mil ane, **D&A** 29:11. Lè mil ane yo fini, m pral epanye tè a pou yon ti tan, **D&A** 29:22. Gran Milenyòm nan pral vini, **D&A** 43:30. Pitit moun jis yo pral grandi san peche, **D&A** 45:58. Timoun yo pral grandi jistan yo vyeyi; lèzòm pral chanje kon nou bat je nou, **D&A** 63:51. Nan kòmansman setyèm mil ane a Senyè a pral sanntifye tè a, **D&A** 77:12. Yo p ap viv ankò jistan mil ane yo fini, **D&A** 88:101. Satan pral mare pou mil ane, **D&A** 88:110. Milenyòm nan dekri, **D&A** 101:23–34.

Tè a pral repoze pou mil ane, **Moyiz** 7:64.

Milèk. *Gade tou nan Sedesyas*

Yon pitit gason wa Sedesyas nan Ansyen Testaman (apeprè 589 ANVAN JEZIKRI). Bib la fè konnen tout pitit gason Sedesyas yo te mouri (2 Wa 25:7), men Liv Mòmmon an fè konnen byen klè Milèk te chape (Ela. 8:21).

Zarayemla te yon desandan Milèk, **Mozya** 25:2. Pèp Milèk la te vin jwenn Nefit yo, **Mozya** 25:13. Senyè a te pote Milèk nan peyi nò a, **Ela.** 6:10. Tout pitit gason Sedesyas yo te mouri, eksepté Milèk, **Ela.** 8:21.

Mimire. *Gade tou nan Rebelyon*

Lè moun babye epi plenyen kont desizyon, plan Bondye, oubyen kont sèvite li yo.

Pèp la te mimire kont Moyiz, **Egz.** 15:23–16:3.

Lè sa a, Juif yo te mimire kont Jezi, **Jan** 6:41.

Laman ak Lemyèl te mimire nan anpil bagay, **1 Ne.** 2:11–12 (1 Ne. 3:31; 17:17).

Pa mimire poutèt bagay ou pa wè yo, **D&A** 25:4.

Ministè Zanj. *Gade nan Zanj yo*

Mirak. *Gade tou nan Lafwa; Siy*

Yon evènman ekstraòdinè pouvwa Bondye lakoz. Mirak yo se eleman enpòtan nan travay Jezikri a. Ladan yo tou genyen gerizon, fè moun mouri leve ak rezirèksyon. Mirak yo fè pati nan levanjil Jezikri a. Lafwa nesèsè pou mirak kapab manifeste (Mak 6:5–6; Mòm. 9:10–20; Etè 12:12).

Lè Farawon di, Montre m yon mirak, **Egz.** 7:9.

Nenpòt moun ki fè yon mirak nan non m, li pa kapab di anyen mal kont mwen, **Mak** 9:39. Jezi te fè premye mirak li a nan Kana, **Jan** 2:11.

M se yon Bondye mirak, **2 Ne.** 27:23. Pouvwa Bondye fè mirak, **Alma** 23:6. Kris la te kapab montre moun sou kontinan Ameriken yo pi gran mirak paske yo te gen anpil lafwa, **3 Ne.** 19:35. Bondye pa sispann yon Bondye mirak, **Mòm.** 9:15.

Pa reklame okenn mirak san Senyè a pa kòmande w, **D&A** 24:13–14. Kèk moun resevwa don pou yo fè mirak, **D&A** 46:21 (Mowo. 10:12).

Missouri. *Gade nan Nouvo Jerizalèm*

Mistè Bondye yo

Mistè Bondye yo se verite espiyèl moun kapab konnen sèlman nan revelasyon. Bondye revele mistè Li yo sèlman bay moun ki obeyisan nan levanjil la. Gen kèk nan mistè Bondye yo ki poko revele.

Ou gen don pou w konnen mistè wazyòm syèl la, **Mat.** 13:11. Menm si m konprann tout mistè yo, si m pa gen charite m pa anyen, **1 Kor.** 13:2.

Nefi te gen yon gran konesans konsènan mistè Bondye yo, **1 Ne.** 1:1. Anpil

moun gen don pou yo konnen mistè Bondye yo, **Alma** 12:9. Moun konsa yo gen don pou yo konnen mistè Bondye yo, **Alma** 26:22. M poko konnen tout mistè sa yo nèt, **Alma** 37:11. Gen anpil mistè lòm pa konnen eksepte Bondye limenm, **Alma** 40:3.

Mistè Bondye yo gran anpil, **D&A** 19:10. Si w mande, w ap resewva revelasyon epi w ap konnen mistè wayòm nan, **D&A** 42:61, 65 (1 Kor. 2:7, 11–14). Yon moun ki respekte kòmandman yo l ap resewva mistè wayòm nan, **D&A** 63:23. M ap revele tout mistè yo ba yo, **D&A** 76:7. Pi gran prèttriz la gen kle mistè yo, **D&A** 84:19. Lè l vini, Senyè a ap revele bagay kache okenn moun pa t konnen, **D&A** 101:32–33. Prèttriz Mèlkisedèk la gen privilèj pou l resewva mistè wayòm nan, **D&A** 107:19.

Mizèrikòd. *Gade tou nan* Ekspyasyon, ekspye; Gras; Jezikri; Jistis; Padon

Lespri konpasyon, tandrès ak padon an. Mizèrikòd se youn nan atribi Bondye. Jezikri ofri nou padon pa mwayen sakrifis ekspyatwa l la.

Senyè a gen mizèrikòd epi li gen gras, **Egz.** 34:6 (Det. 4:31). Mizèrikòd li pèsevere pou tout tan, **1 Kwo.** 16:34. Bonte ak mizèrikòd pral mache avèk mwen, **Sòm** 23:6. Yon moun ki gen mizèrikòd pou pòv yo, li byen, **Pwov.** 14:21. M vle mizèrikòd m pa vle sakrifis, **Oze** 6:6.

Moun ki gen mizèrikòd yo beni; paske y ap jwenn mizèrikòd, **Mat.** 5:7 (3 Ne. 12:7). Malè ipokrit yo ki peye ladim epi ki neglije bagay elemannt nan lwa, jijman, mizèrikòd ak lafwa, **Mat.** 23:23. Gen mizèrikòd, menm jan Papa w gen mizèrikòd la, **Lik** 6:36. Pa poutèt zèv jistis nou, men dapre mizèrikòd li, li sove nou, **Tit** 3:5.

Mizèrikòd dous Senyè a sou tout moun, **1 Ne.** 1:20. Mizèrikòd pa gen okenn dwa sou moun ki pa repanti, **Mozya** 2:38–39. Bondye gen mizèrikòd pou tout moun ki kwè nan non l, **Alma** 32:22. Mizèrikòd kapab satisfè egzijans jistis, **Alma** 34:16. Èske w panse mizèrikòd kapab pran dwa jistis, **Alma** 42:25 (Alma

42:13–25). Timoun piti yo vivan nan Kris la poutèt mizèrikòd li, **Mowo.** 8:19–20 (**D&A** 29:46).

Ponyèt mizèrikòd Jezikri a te ekspye peche nou yo, **D&A** 29:1. Nan san m te koule a, m te plede devan Papa a pou moun ki kwè nan non m yo, **D&A** 38:4. Moun ki te kenbe alyans lan, y ap jwenn mizèrikòd, **D&A** 54:6. Mwenmenm Senyè a, m padone peche epi m gen mizèrikòd pou moun ki konfese peche yo avèk yon kè enb, **D&A** 61:2. Mwenmenm Senyè a, m montre m gen mizèrikòd pou tout moun ki dou, **D&A** 97:2. Epi nenpòt moun ki resewva w kòm yon timoun piti, yo resewva wayòm mwen an, paske y ap jwenn mizèrikòd, **D&A** 99:3.

Mizèrikòd pral devan je w, **Moyiz** 7:31.

Mizik. *Gade tou nan* Chante; Kantik

Melodi ak rit moun te konn chante epi jwe depi nan kòmansman epòk bibliki la pou ekspriye jwa, louwanj ak adorasyon (2 Sam. 6:5). Sa kapab yon fòm priyè. Li posib ke, moun te chante sòm yo kòm melodi senp epi enstriman mizik te akonpaye yo.

Mari, sè Aawon ak Moyiz la te pran yon tanbou epi limenm ak lòt fi yo te danse, **Egz.** 15:20. Levit ki te chante yo te gen senbal ak kap epi san venntwa prèt te soufle twonpèt yo, **2 Kwo.** 5:12.

Jezi ak Douz yo te chante yon kantik apre Dènnye Soupe a, **Mat.** 26:30. Anseye epi konseye youn lòt nan sòm, kantik ak mizik espiyitèl, **Kol.** 3:16.

Èske w te anvi chante yon chan lanmou redanmsyon a, **Alma** 5:26.

Nanm Bondye pran plèzi nan chan ki soti nan kè moun; wi, chan yon moun ki jis se yon priyè, **D&A** 25:12. Louwe Senyè a avèk chante, avèk mizik, epi avèk danse, **D&A** 136:28.

Moab. *Gade tou nan* Lo

Yon peyi nan Ansyen Testaman an ki tabli nan lès Lanmè Mòt. Moabit yo te desandan Lo epi yo te fanmi Izrayelit yo. Yo te pale yon lang ki sanble avèk Ebre. Te gen lagè toutan ant Moabit yo

Modesti

ak Izrayelit yo (Jij 3:12–30; 11:17; 2 Sam. 8:2; 2 Wa 3:6–27; 2 Kwo. 20:1–25; Eza. 15).

Modesti. *Gade tou nan* Enb, imilite

Konpòtman oubyen aparans ki enb, modere, epi desan. Yon moun ki modès li evite eksè ak pretansyon.

Bondye te fè rad po bèt epi li te abiye Adan ak Èv, **Jen.** 3:21 (Moyiz 4:27).

Fi yo bay tèt yo yon aparans modès, **1 Tim.** 2:9. Gen diskresyon, chastete, rete nan kay, **Tit** 2:5.

Anpil moun te chaje avèk logèy pou-tèt gran pri rad yo, **Jakòb** 2:13.

Kite tout rad ou senp, **D&A** 42:40.

Nou kwè nou dwe chas epi gen vèti, **AL** 1:13.

Modèl

Yon modèl yon moun kapab suiv pou l jwenn kèk rezilta. Nan ekriti yo, jeneralman, *modèl* vledi yon egzanj pou moun viv yon fason kèlkonk oubyen pou yo bati yon bagay.

Senyè a te kòmande Izrayèl pou l bati yon tabènak dapre modèl li te montre Moyiz la, **Egz.** 25. David te bay Salomon modèl pou l bati tanp la, **1 Kwo.** 28:11–13.

Nan mwen, Jezikri kapab montre moun ki kwè nan li yo yon modèl, **1 Tim.** 1:16.

M pral ba w yon modèl nan tout bagay pou moun kapab pa desejwa w, **D&A** 52:14.

Mond. *Gade tou nan* Babèl, Babilòn; Mòtalite, mòtèl; Tè

Tè a; yon kote pou teste moun mòtèl. Nan sans figure, moun ki pa obeyi kòmandman Bondye yo.

Egzistans mòtèl: Ou pral gen tribilasyon nan mond lan, **Jan** 16:33.

Pa krent lanmò; paske nan mond sa a, jwa w pa total, **D&A** 101:36.

Moun ki pa obeyi kòmandman yo: M ap pini mond lan poutèt mal yo, **Eza.** 13:11 (2 Ne. 23:11).

Si mond lan rayi w, ou konnen yo te rayi m anvan, **Jan** 15:18–19.

Gran kay plen espas la te reprezante lògèy mond lan, **1 Ne.** 11:36.

Mond lan mi anba inikite, **D&A** 18:6. Kenbe tèt ou san tach anba mond lan, **D&A** 59:9. Yon moun ki fidèl epi ki pèsèvere, l ap konkeri mond lan, **D&A** 63:47. Ou pa dwe viv menm jan avèk mond lan, **D&A** 95:13.

Finisman mond lan: m te kreye yon nouvo tè, nou p ap sonje ansyen an ankò, **Eza.** 65:17 (Apok. 21:1; AL 1:10).

Nan finisman mond sa a, raje yo pral rasanble pou yo boule nan dife, **Mat.** 13:40, 49 (Mal. 4:1; Jakòb 6:3).

M pral fè dife boule jaden m nan, **Jakòb** 5:77 (D&A 64:23–24).

Senyè a pral detwi Satan ak zèv li yo nan finisman mond lan, **D&A** 19:3. Tè a pral mouri, men li pral resisite ankò, **D&A** 88:25–26.

Senyè a te montre Enòk finisman mond lan, **Moyiz** 7:67.

Mond Dèzespri. *Gade nan* Lanfè; Lavi premòtèl; Paradi

Mondanite. *Gade tou nan* Anven, vanite; Lajan; Lògèy; Richès

Anvi enjis ak efò pou richès tanporèl ak byen materyèl pandan moun bliye bagay espirityèl.

Ki pwofit yo nonm ap tire si li genyen tout mond lan epi li pèdi pwòp nanm li, **Mat.** 16:26.

Yo mete lide yo sou vanite mond lan, **Alma** 4:8 (Alma 31:27).

Mete bagay ki nan mond sa a sou kote, **D&A** 25:10. Lide lèzòm tèlman sou bagay mond sa a, **D&A** 121:35.

Moralite. *Gade nan* Adiltè; Chastete; Fònikasyon; Imoralite seksyèl

Move. *Gade nan* Move pawòl

Move Lespri. *Gade nan* Lespri—Move lespri

Move pawòl. *Gade tou nan* Kontansyon; Manti; Rimè; Tripotaj

Lè yon moun di move bagay, ki blese, epi ki mechan. Souvan nan ekriti yo,

pawòl konsa pale konsènan yon moun ki gen entansyon dirèk pou l koze lapenn.

Bride lang ou, **Sòm** 34:13 (1 Pyè 3:10). Yon ènmi Bondye gaye malè, **Pwov.** 16:27.

Ou beni lè lèzòm bay tout kalite move manti kont ou, **Mat.** 5:11 (3 Nè. 12:11). Movepanse yo soti nan kè moun, **Mat.** 15:19 (Mak 7:21). Ou pa dwe pale mal kont mèl la, **Tra.** 23:5. Wete tout move pawòl nan kò w, **Efe.** 4:31. Piga youn pale mal kont lòt, **Jak** 4:11.

Veye pou pa gen devan byen dèyè mal, ni move pawòl, **D&A** 20:54.

Mowoni, Kaptèn. *Gade tou nan Tit Libète a*

Nan Liv Mòmmon an, yon kòmandan lame Nefit ki te viv nan an anvwon 100 ANVAN JEZIKRI.

Yo te nonmen Mowoni kòm kaptèn an chef Nefit yo, **Alma** 43:16–17. Te enspire sòlda Nefit yo pou yo goumen pou libète yo, **Alma** 43:48–50. Li te fè yon drapo libète avèk twal rad li, **Alma** 46:12–13. Li te moun pa Bondye, **Alma** 48:11–18. Te fache kont gouvènman an poutèt fwadè l konsènan libète peyi, **Alma** 59:13.

Mowoni, pitit gason Mòmmon. *Gade tou nan Liv Mòmmon; Mòmmon, pwofèt Nefit*

Dènye pwofèt Nefit nan Liv Mòmmon an (apeprè 421 APRE JEZIKRI). Yon ti tan anvan lanmò Mòmmon, li te pote yon rejis istorik ki rele plak Mòmmon yo bay Mowoni, pitit gason l lan (P—M 1:1). Mowoni te fini konpile plak Mòmmon yo. Li te ajoute chapit 8 ak 9 nan liv Mòmmon an (Mòm. 8:1). Li te rezime epi li te ajoute liv Etè a (Etè 1:1–2) epi li te ajoute liv pa li a ki rele liv Mowoni an (Mowo. 1). Mowoni te sele plak yo epi li te sere yo nan Kolin Kimora a (Mòm. 8:14; Mowo. 10:2). Nan 1823 Mowoni te vini kòm yon èt resisite pou l revele Liv Mòmmon an bay Joseph Smith (D&A 27:5; I—JS 1:30–42, 45). Li te enstwi jèn pwofèt la chak ane depi 1823 jis nan 1827 (I—JS 1:54) epi finalman li te livre plak yo ba li nan 1827 (I—JS 1:59). Apre l te fin konplete tradiksyon

an Joseph Smith te retounen plak yo bay Mowoni.

Liv Mowoni an: Liv final ki andedan Liv Mòmmon an. Se Mowoni, dènye pwofèt Nefit la ki te ekri l. Chapit 1–3 rakonte destriksyon final Nefit yo, li bay enstrikasyon sou jan pou yo konfere Sentespri a ak prètiz la. Chapit 4–5 detaye fason ekzat pou administrate sentèsan nan. Chapit 6 rezime travay Legliz la. Chapit 7–8 se diskou sou premye prensip levanjil la, ki gen ansèyman Mòmmon sou lafwa, esperans ak charite epi jan pou yon moun distenge ant byen ak mal (Mowo. 7), epi kote Mòmmon eksplike timoun piti yo vivan nan Kris la epi yo pa bezwen batèm (Mowo. 8). Chapit 9 dekri depravasyon nasyon Nefit la. Chapit 10 se mesaj final Mowoni epi li genyen fason pou yon moun kapab konnen Liv Mòmmon an se verite (Mowo. 10:3–5).

Mowoniya, pitit gason Kaptèn Mowoni

Yon kòmandan jis nan Liv Mòmmon an (anvwon 60 ANVAN JEZIKRI).

Mowoni te pase lame yo bay Mowoniya, pitit gason l lan, **Alma** 62:43. Te repran vil Zarayemla a, **Ela.** 1:33. Te fè Nefit yo repanti epi te pran direksyon mwatye peyi a ankò, **Ela.** 4:14–20.

Moyiz. *Gade tou nan Aawon, frè Moyiz la; Kòmandman, dis yo; Lwa Moyiz; Pantatèk; Transfigirasyon—Transfigirasyon Kris la*

Yon pwofèt Ansyen Testaman ki te dirije Izrayelit yo soti anba esklavaj Ejiptyen epi ki te ba yo yon seri lwa jounalye, relijye, epi sosyal Bondye te revele.

Ministè Moyiz te depase limit pwòp lavi mòtèl li. Joseph Smith te fè konnen, Moyiz te vini ansanm avèk Eli sou Mòn Transfigirasyon an pou remèt Pyè, Jak, ak Jan kle prètiz yo sou (Mat. 17:3–4; Mak 9:4–9; Lik 9:30; D&A 63:21).

Moyiz te parèt devan Joseph Smith ak Oliver Cowdery nan dat 3 Avril 1836, nan tanp Kirtland nan, Ohio, epi li te konfere kle rasanbleman Izrayèl yo sou yo (D&A 110:11).

Mozya, papa Benjamen

Revelasyon nan dènye jou yo pale anpil konsènan Moyiz. Non l masyone anpil nan Liv Mòmmon an, epi nan Doktrin ak Alyans yo nou aprann konsènan ministè l (D&A 84:20–26) epi li te resevwa prèttriz la nan men bòpè li Jetwo (D&A 84:6).

Revelasyon nan dènye jou yo konfime istwa bibliik ministè li pami pitit Izrayèl yo epi yo konfime li se otè senk liv yo ki kòmanse Ansyen Testaman an (1 Ne. 5:11; Moyiz 1:40–41).

Pitit fi Farawon an te sove l, **Egz.** 2:1–10. Te sove ale nan Madyan, **Egz.** 2:11–22. Zanj Senyè a te parèt devan l nan yon flanm dife, **Egz.** 3:1–15. Te anonse plè ki t ap vin sou Ejiptyen yo, **Egz.** 7–11. Senyè a te tabl Pak la, **Egz.** 12:1–30. Te dirije pitit Izrayèl yo travès Lanmè Wouj la, **Egz.** 14:5–31. Senyè a te voye lamàn nan dezè a, **Egz.** 16. Te frape wòch nan Òrèb la epi dlo te jayi soti, **Egz.** 17:1–7. Aawon ak Our te ede men l yo pou Jozye te ranpòte vikwa sou Amalèk, **Egz.** 17:8–16. Jetwo te konseye l, **Egz.** 18:13–26. Te prepare pèp la pou Vini Senyè a sou mòn Sinayi a, **Egz.** 19. Senyè a te revele l Dis Kòmandman yo, **Egz.** 20:1–17. Limenm ak swasanndis ansyen te wè Bondye, **Egz.** 24:9–11. Te kraz tablo temwayaj yo epi te detwi ti bèf lò a, **Egz.** 32:19–20. Te pale avèk Bondye fasafas, **Egz.** 33:9–11.

Te parèt lè Jezi te transfigire a, **Mat.** 17:1–13 (Mak 9:2–13; Lik 9:28–36).

an nou fò tankou Moyiz, **1 Ne.** 4:2. Kris la se pwofèt ki tankou Moyiz Senyè a t ap leve a, **1 Ne.** 22:20–21 (Det. 18:15; 3 Ne. 20:23).

Te dirije Izrayèl avèk revelasyon, **D&A** 8:3. Yo te wè l nan pami lespri nòb yo, **D&A** 138:41.

Te wè Bondye fasafas, **Moyiz** 1:2, 31. Te sanble avèk Sèl Pitit Literal la, **Moyiz** 1:6, 13. Te gen pou l ekri bagay Bondye te revele l yo konsènan kreyasyon an, **Moyiz** 2:1.

Liv Moyiz la: Yon liv nan Pèl Gran Pri a ki gen tradiksyon enspire Joseph Smith te fè pou sèt premye chapit Jenèz yo.

Chapit 1 rakonte yon vizyon kote

Moyiz te wè Bondye, ki te revele l tout plan sali a. Chapit 2–5 se istwa Kreyasyon an ak Chit Adan. Chapit 6–7 gen vizyon konsènan Enòk ak ministè l sou tè a. Chapit 8 gen yon vizyon konsènan Noye ak gran Delij la.

Senk liv Moyiz yo: *Gade nan* Jenèz; Egzòd; Levitik; Nonb; Detewonòm

Senk premye liv yo ki nan Ansyen Testaman an te rele liv Moyiz yo. Plak deren yo Nefi te pran nan men Laban an te gen senk liv Moyiz yo (1 Ne. 5:11).

Nefi te li anpil bagay ki te ekri nan liv Moyiz la, **1 Ne.** 19:23.

Mozya, papa Benjamen. *Gade tou nan* Benjamen, papa Mozya; Zarayemla

Nan Liv Mòmmon an, yon pwofèt Nefit yo te lonmen wa sou tèt pèp Zarayemla a.

Mozya te resevwa avètisman pou l sove kite peyi Nefi a, **Omni** 1:12. Li te dekouvri pèp Zarayemla a, **Omni** 1:14–15. Li te anseye pèp Zarayemla a nan lang li, **Omni** 1:18. Yo te lonmen l wa sou tèt pèp inifey a, **Omni** 1:19. Pitit gason l lan, Benjamen, te gouvènè apre lanmò li, **Omni** 1:23.

Mozya, pitit gason Benjamen. *Gade tou nan* Benjamen, papa Mozya; Mozya, pitit gason yo

Yon wa Nefit ki te jis epi yon pwofèt nan Liv Mòmmon an. Mozya te suiv egzanp jis papa l yo (Mozya 6:4–7). Li te tradui vennkat plak lò ki te gen rejis Jaredit yo (Mozya 28:17).

Liv Mozya a: Yon liv nan Liv Mòmmon an. Chapit 1–6 gen diskou sevè Wa Benjamen te fè devan pèp li a. Lespri Senyè a te touche kè yo epi pèp la te konvèti epi yo pa anvi fè mal ankò. Chapit 7–8 pale konsènan yon gwoup Nefit ki t ale nan peyi Lamanit yo. Yo te voye yon gwoup envestigatè pou ale chèche yo. Amon, dirijan gwoup envestigatè a te jwenn yo epi li te aprann istwa kalamite yo anba opresyon Lamanit yo. Chapit 9–24 dekri opresyon sa a epi kòman dirijan yo—Zenif, Noye, ak Limi—te viv anba Lamanit yo. Mati yon pwofèt ki te rele Abinadi

te anrejistre tou. Alma te konvèti nan jijman Abinadi a. Chapit 25–28 rakonte kòmnan pitit gason Alma yo ak kat pitit gason Wa Mozya yo te vin konvèti. Nan chapit 29 Wa Mozya te rekòmande pou sistèm jij yo ranplase wa yo. Alma pitit gason Alma a te eli kòm premye jij an chèf yo.

Mozya, pitit gason yo. *Gade tou nan* Aawon, pitit gason Mozya; Amon, pitit gason Mozya; Imni; Mozya, pitit gason Benjamen; Omnè

Nan Liv Mòmnan an, kat pitit gason Wa Mozya ki te konvèti apre yon zanj te fin parèt devan yo pou mande yo pou yo repanti. Yo te rele Amon, Aawon, Omnè, epi Imni (Mozya 27:34). Yo te pase 14 ane youn apre lòt ap preche Lamanit yo levanjil la. Chapit 17–26 nan liv Alma a bay istwa ministè yo pami Lamanit yo.

Anvan sa sete enkredil yo ki t ap eseye detwi Legliz la, **Mozya** 27:8–10 (Alma 36:6). Yon zanj te repwoche yo pou yo te repanti, **Mozya** 27:11–12, 18–20. Yo te gen pèmision pou yo preche Lamanit yo, **Mozya** 28:1–7.

Mò, Sali Pou. *Gade nan* Sali pou mò

Mòmnan, Liv. *Gade nan* Liv Mòmnan

Mòmnan, pwofèt Nefit. *Gade tou nan* Liv Mòmnan

Yon pwofèt Nefit, yon jeneral lame, epi yon moun ki te kenbe rejis Liv Mòmnan an. Mòmnan te viv anvivon 311–385 APRE JEZIKRI (Mòm. 1:2, 6; 6:5–6; 8:2–3). Li te yon dirijan militè pandan prèske tout lavi l li te kòmnan nan laj 15 zan (Mòm. 2:1–2; 3:8–12; 5:1; 8:2–3). Amawon te enstwi Mòmnan pou l te prepare tèt li pou l pran responsablite rejis yo epi pou l kenbe rejis yo (Mòm. 1:2–5; 2:17–18). Apre l te fin anrejistre istwa lavi pa l, Mòmnan te rezime gran plak Nefi yo nan plak Mòmnan yo. Pita, li te pase rejis sakre a bay pitit gason l lan, Mowoni. Plak sa yo te yon pati nan rejis kote Joseph Smith te tradwi Liv Mòmnan an.

Pawòl Mòmnan yo: Yon ti liv nan Liv Mòmnan an. Ant dènye mo Amaleki yo nan

liv Omni an ak premye pawòl yo ki nan liv Mozya a, Mòmnan, editè tout rejis yo te fè ti remak sa a, (Gade nan “Yon Espikasyon Brèf konsènan Liv Mòmnan an” nan paj devan Liv Mòmnan an).

Liv Mòmnan an: Yon liv apa nan volim ekriti yo rele Liv Mòmnan an. Chapit 1–2 pale konsènan Amawon, yon pwofèt Nefit, ki te anseye Mòmnan ki kote epi ki lè pou l jwenn plak yo. Epi tou, gwo lagè a te kòmnanse epi Twa Nefit yo t ale pou tèt mechanste pèp. Chapit 3–4 rakonte Mòmnan ki t ap kriye repantans devan pèp la, men yo te san sansiblité, epi yon pi gran mechanste pase tout lòt te pran pye nan Izrayèl. Chapit 5–6 rakonte batay final ant Nefit yo ak Lamanit yo. Yo te touye Mòmnan ansanm avèk prèske tout nasyon Nefit la. Nan Chapit 7, anvan lanmò l, Mòmnan te rele moun nan tan sa ak nan tan k ap vini—pou yo repanti. Chapit 8–9 fè konnen, finalman, sèlman Mowoni, pitit gason Mòmnan an, te rete. Li te anrejistre sèn final lanmò ak ansanm, ak fen pèp Nefit la, epi li te ekri yon mesaj pou jenerasyon k ap vini yo ak lektè rejis sa yo.

Mòmnan (yo). *Gade tou nan* Legliz

Jezikri; Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo

Ti non Mòmnan an se moun yo ki pa t manm Legliz la ki te kreye l pou mansyone manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Non an te soti nan liv ekriti sakre ansyen pwofèt Mòmnan te konpile a epi ki te rele Liv Mòmnan an. Non Senyè a te bay pou yo te rele manm Legliz yo se “Sen yo.” Non korèk Legliz la se Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.

Mòn Olivye a. *Gade tou nan* Jetsemane

Yon kolin nan lès Vale Sedwon nan, lès Jerizalèm. Nan pant lwès li yo, pre kote plat la, se la jaden Jetsemane a te ye. Bètfafe ak Betani tabli sou tèt la epi sou pant lès la. Mòn sa a se yon kote ki te gen anpil evènman bibliik (Mat. 24:3) epi tou li pral yon kote enpòtan pou evènman nan dènye jou yo (Zak. 14:3–5; D&A 45:48–54; 133:20).

Mòtalite, mòtèl

Mòtalite, mòtèl. *Gade tou nan* Chit

Adan ak Èv; Kò; Lanmò, fizik; Mond

Peryòd ant nesans ak lanmò fizik la. Kèk fwa yo rele l dezayèm eta a.

Lejou w manje l, w ap mouri tout bon, **Jen.** 2:16–17 (Moyiz 3:16–17). Lè moun mouri, lespri a pral retounen jwenn Bondye epi kò a pral retounen nan pousyè tè a, **Ekl.** 12:7 (Jen. 3:19; Moyiz 4:25).

Pa kite peche gouvène sou kò mòtèl ou a, **Wom.** 6:12. Kò mòtèl sa dwe vin imòtèl, **1 Kor.** 15:53 (Enòs 1:27; Mozya 16:10; Mòm. 6:21).

Eta lòm te vin tounen yon eta pwo-basyon, **2 Ne.** 2:21 (Alma 12:24; 42:10). Adan te tonbe pou lèzòm te kapab fèt, **2 Ne.** 2:25. Èske w espere kò mòtèl sa a ap leve nan imòtalite, **Alma** 5:15. Lavi sa a se lè pou moun prepare pou rankontre Bondye, **Alma** 34:32.

Pa krent lanmò, paske jwa w pa total nan mond sa a, **D&A** 101:36.

Moun ki kenbe dezayèm eta yo, y ap gen glwa, **Abr.** 3:26.

Moun Natirèl. *Gade nan* Lòm natirèl

MWENMENM. *Gade tou nan* Jewova; Jezikri

Youn nan non Senyè Jezikri yo.

Bondye te di Moyiz, **MWEN SE MWENMENM, Egz.** 3:14–15. M se Senyè a, **Egz.** 6:2–3.

Anvan Abraram te la, m te la, **Jan** 8:56–59.

Koute vwa Jezikri, ki se Gran Mwen Egziste a, **D&A** 29:1 (D&A 38:1; 39:1).

Naaman. *Gade tou nan* Elize

Nan Ansyen Testaman an, kaptèn lame wa Siryen an. Li te yon lepre tou. Poutèt lafwa yon bòn Izrayelit, li t ale an Izrayèl pou l wè pwofèt Elize. Li te geri anba lèp la lè li te imilye tèt epi li te benyen sèt fwa nan rivyè Jouden an jan pwofèt Elize te rekòmande a (2 Wa 5:1–19; Lik 4:27).

Nanm. *Gade tou nan* Kò; Lespri

Ekriti yo pale konsènan nanm nan twa

fason: (1) èt espiryèl, ni premòtèl ni pos-mòtèl (Alma 40:11–14; Abr. 3:23); (2) yon lespri ak yon kò ki reyini nan mòtalite (D&A 88:15; Abr. 5:7); epi (3) yon moun imòtèl, resisite ki gen lespri l ak kò l konekte pou yo pa janm separe (2 Ne. 9:13; D&A 88:15–16).

San an fè yon ekspyasyon pou nanm nan, **Lev.** 17:11. Li retabli nanm mwen, **Sòm** 23:1–3.

Ou dwe renmen Senyè Bondye w la avèk tout nanm ou, **Mat.** 22:37 (Mak 12:30).

Dyab la vòlè nanm yo, **2 Ne.** 28:21. Ofri l tout nanm ou kòm yon ofrann, **Omni** 1:26. Pawòl la te kòmanse grandi nanm mwen, **Alma** 32:28. Nanm li p ap janm grangou ni swaf, **3 Ne.** 20:8. Pen ak dlo sentèsan nan sanntifye pou nanm tout moun ki manje l, **Mowo.** 4–5 (D&A 20:77–79).

Travayè yo ki nan wayòm nan pote sali pou nanm yo akòz sèvis yo, **D&A** 4:2, 4. Sonje, valè nanm yo gran devan je Bondye, **D&A** 18:10.

Ou te fèt nan mond lan avèk dlo, san, epi lespri epi konsa w te vin tounen yon nanm vivan, **Moyiz** 6:59.

Valè nanm: Lespri tout moun se pitit Bondye. Li renmen chak pitit Li epi Li konsidere yo chak enpòtan. Paske yo se pitit Li, yo gen potansyalite pou yo vin tankou L. Se poutèt sa, yo gen anpil valè.

Gen jwa poutèt yon pechè ki repanti, **Lik** 15:10. Bondye te tèlman renmen mond lan li te bay Sèl Pitit Gason Literal li a, **Jan** 3:16.

Yo pa t kapab aksepte pou okenn nanm moun peri, **Mozya** 28:3. Èske yon nanm pa enpòtan pou Bondye kounyeya menm jan avèk nan epòk aparisyon l lan, **Alma** 39:17.

Bagay ki gen plis valè pou ou, se pou w pote nanm ban mwen, **D&A** 15:6. Sonje valè nanm nan gran devan je Bondye, **D&A** 18:10–15.

Se zèv mwen ak glwa mwen—pou m reyalize imòtalite ak lavi etènèl lòm, **Moyiz** 1:39.

Naomi. *Gade tou nan Rit*

Nan Ansyen Testaman an, yon fi jis ki te madanm Elimelèk (Rit 1–4). Elimelèk ak Naomi te mennen fanmi yo nan Moab pou yo chape anba grangou. Apre Elimelèk ak de pitit gason li yo te fin mouri, Naomi te retounen Bètleyèm avèk Rit, bèl fi l la.

Natan. *Gade tou nan David*

Yon pwofèt Ansyen Testaman nan epòk Wa David la. Lè David te ofri pou l bati yon tanp pou Senyè a, Senyè a enstwi Natan pou l di David li pa dwe bati l. Natan te repwoche David tou poutèt li te lakoz lanmò Iri, youn nan sòlda David yo, epi poutèt David te pran Batcheba, madanm Iri a kòm madanm (2 Sam. 12:1–15; D&A 132:38–39). Zadòk avèk Natan te kouwone Salomon, pitit gason David la wa (1 Wa 1:38–39, 45).

Natanayèl. *Gade tou nan Batèlmi*

Yon Apot Kris la epi yon zanmi Filip nan Nouvo Testaman an (Jan 1:45–51). Li te soti nan Kana nan Galile (Jan 21:2). Kris la te di konsa Natanayèl se yon Izrayelit ki san repwòch (Jan 1:47). Jeneralman moun panse limenm ak Batèlmi se menm moun nan (Mat. 10:3; Mak 3:18; Lik 6:14; Jan 1:43–45).

Nauvoo, Illinois (Etazini Damerik)

Yon vil Sen Dènye Jou yo te tabli an 1839 nan eta Illinois la. Li tabli bò Rivyè Mississippi a, prèske 200 mil (320 kilomèt) piwo rivyè a, nan St. Louis.

Akoz pèsekisyon nan eta Missouri a, Sen yo te deplase ale nan anviwon 200 mil bò nòdès, lòt bò Rivyè Mississippi a, epi nan Illinois, kote kondisyon yo te pi favorab pou yo. Finalman Sen yo te achete teren pre vil Commerce la ki pa t devlope. Reyèlman teren sa a te yon tè marekaj avèk kèk kay senp. Sen yo te seche tè a epi yo te bati kay. Joseph Smith te bwote avèk fanmi l ale nan yon ti kay planch. Non vil Commerce la te chanje vin rele Nauvoo, dapre yon mo ebre ki vledi “bèl”.

Plizyè seksyon nan Doktrin ak Alyans yo te anrejistre nan Nauvoo (D&A 124–129; 132; 135). Sen yo te gen kòmandman pou yo te bati yon tanp nan Nauvoo (D&A 124:26–27). Yo te bati tanp la epi yo te òganize pye Siyon yo anvan moun te chase yo nan pwòp kay yo an 1846. Kòm rezilta pèsekisyon sa a, Sen yo kite zòn nan epi yo te pran chemen lwès pou yo.

Nawoum

Yon pwofèt Ansyen Testaman ki te moun Galile, li te ekri pwofesi li yo yon epòk ant 642 avèk 606 ANVAN JEZIKRI.

Liv Nawoum nan: Chapit 1 pale konsènan tè a ki pral boule nan Dezyèm Vini an ak mizèrikòd epi ak pouvwva Senyè a. Chapit 2 pale konsènan destriksyon Niniv, ki se fotokopi sa ki pral pase nan dènye jou yo. Chapit 3 kontinye predi destriksyon mizerab Niniv.

Nazarèt. *Gade tou nan Jezikri*

Yon vilaj pami kolin ki nan lwès Lanmè Galile a. Nazarèt se premye vil Jezi te rete (Mat. 2:23). Jezi te anseye nan sinagòg Nazarèt la epi Li deklare Li te akonpli pwofesi nan Ezayi 61:1–2 a (Mat. 13:54–58; Mak 6:1–6; Lik 4:16–30).

Nebikadneza. *Gade tou nan Babèl, Babilòn; Danyèl*

Nan Ansyen Testaman an, wa Babilòn nan (604–561 ANVAN JEZIKRI) ki te soumèt Jida (2 Wa 24:1–4) epi li te boule Jerizalèm (2 Wa 24:10–11). Pwofèt Leyi te gen kòmandman pou l sove kite Jerizalèm apre nan 600 ANVAN JEZIKRI a pou l te evite tonbe nan kaptivite anba Babilòn (1 Ne. 1:4–13) lè Nebikadneza te pote Wa Sedesyas ak pèp la ale a (2 Wa 25:1, 8–16, 20–22). Danyèl te entèprete rev Nebikadneza a (Dan. 2; 4).

Neemi

Nan Ansyen Testaman an, yon Izrayelit nòb nan Babilòn (oubyen yon Levit oubyen yon manm nan tribi Jida a) ki te sèvi kòm sèvitè nan lakou Atagzèzès la, nan men moun li te resevwa pèmision pou l rebati miray Jerizalèm yo.

Nefi, pitit gason Elaman

Liv Neemi an: Liv sa a se kontinyasyon liv *Esdras* la. Li gen istwa pwogrè ak difikilte travay la nan Jerizalèm apre Juif yo te retounen soti nan kaptivite Babilòn. Chapit 1–7 pale konsènan premye vizit Neemi te fè nan Jerizalèm ak rekonstriksyon miray vil la malgre anpil opozisyon. Chapit 8–10 dekri refòm sosyal ak relijiye Neemi te eseye fè. Chapit 11–13 bay yon lis non moun ki te diy epi li bay istwa dedikas miray la. Vèsè 4–31 nan chapit 13 anrejistre yon dezyèm vizit Neemi te fè nan Jerizalèm apre l te deyò pou 12 ane.

Nefi, pitit gason Elaman. *Gade tou nan* Elaman, pitit gason Elaman; Leyi, misyonè Nefit

Nan Liv Mòmmon an, yon gran pwofèt Nefit epi yon misyonè.

Te pi gran pitit gason Elaman an, **Ela.** 3:21. Yo te lonmen l jij an chef, **Ela.** 3:37. Limenm ak frè li a, **Leyi**, yo te konvèti anpil Lamanit nan levanjil la, **Ela.** 5:18–19. Dife te antoure l epi li te lage sòt nan prizon, **Ela.** 5:20–52. Te priye sou tèt estrad ki nan jaden l lan, **Ela.** 7:6–10. Te revele ansasen jij anchèf la, **Ela.** 8:25–28; 9:1–38. Senyè a te ba li gran pouvwa, **Ela.** 10:3–11. Te mande Senyè a pou voye famin epi pou l sispann famin nan, **Ela.** 11:3–18.

Nefi, pitit gason Leyi. *Gade tou nan* Leyi, papa Nefi; Nefit yo

Nan Liv Mòmmon an, yon pitit gason Leyi ak Sariya ki te jis (1 Ne. 1:1–4; 2:5). Nefi te gen anpil lafwa nan pawòl Bondye (1 Ne. 3:7) epi li te vin tounen yon gran pwofèt, te pwoteje rejis yo, epi li te dirijan pèp li a.

Te obeyisan epi te priye avèk lafwa, **1 Ne.** 2:16. Te retounen Jerizalèm pou jwenn Plak deren yo, **1 Ne.** 3–4. Te retounen Jerizalèm pou mennen fanmi Ismayèl la nan dezè a, **1 Ne.** 7. Te resevwa menm vizyon Leyi te resevwa a, **1 Ne.** 10:17–22; 11. Te wè lavni pèp li a ak re-tablisman levanjil la nan vizyon, **1 Ne.** 12–13. Te entèprete vizyon pyebwa lavi a, **1 Ne.** 15:21–36. Te kase flèch li a men avèk lafwa te kapab jwenn manje, **1 Ne.**

16:18–32. Te bati yon bato epi te vwayaje ale nan tè pwomès la, **1 Ne.** 17–18. Nefit yo ak Lamanit yo te separe, **2 Ne.** 5. Te rann temwayaj final, **2 Ne.** 33.

Liv 1 Nefi a: Chapit 1–18:8 esplike anpil sou pwofèt Leyi ak fanmi l ki t ap kite Jerizalèm. Yo te travèse nan dezè arid jiskaske yo te jwenn lanmè a. 1 Nefi 18:9–23 pale konsènan vwayaj yo nan tè pwomès la, jan Senyè a te dirije yo, malgre rebelyon Laman ak Lemyèl. Chapit 19–22 esplike pou ki rezon Nefi te kenbe rejis yo (1 Ne. 6; 19:18)—pou pèsyade tout moun pou yo kapab sonje Senyè a, Redanmtè yo a. Li resite nan Ezayi (1 Ne. 20–21) epi te entèprete mesaj Ezayi yo, avèk esperans pou tout moun ta kapab vin konnen Jezikri kòm Sovè yo ak Redanmtè yo (1 Ne. 22:12).

Liv 2 Nefi a: Chapit 1–4 gen kèk nan an-sèyman ak pwofesi final Leyi yo anvan lanmò l, ki genyen tou benediksyon l pou pitit gason li yo ak desandan yo. Chapit 5 esplike poukisa Nefit yo te separe tèt yo avèk Lamanit yo. Nefit yo te bati yon tanp, yo te anseye lwa Moyiz la, epi yo te kenbe rejis yo. Chapit 6–10 gen pawòl Jakòb, ti frè Nefi a. Jakòb revize istwa Jida epi li te pwofetize konsènan Mesi a, kèk nan pwofesi yo te soti nan ekriti pwofèt Ezayi yo. Nan chapit 11–33 Nefi anrejistre temwayaj li konsènan Kris la, temwayaj Jakòb, pwofesi nan dènnye jou yo, ak plizyè chapit liv Ezayi ki nan An-syen Testaman an.

Plak Nefi yo: Gade nan Plak

Nefi, pitit gason Nefi, pitit gason Elaman. *Gade tou nan* Disip; Nefi, pitit gason Elaman

Youn nan douz disip Nefit Jezikri resisite a te chwazi nan Liv Mòmmon an (3 Ne. 1:2–3; 19:4). Pwofèt sa a te priye Senyè a anpil pou pèp li a. Nefi te tandè vwa Senyè a (3 Ne. 1:11–14). Zanj te vizite Nefi tou, li te chase dyab yo, te leve frè l la pami mò yo epi li te rann yon temwayaj moun pa kapab meprize (3 Ne. 7:15–19; 19:4). Nefi te kenbe rejis ekriti yo (3 Ne. 1:2–3).

Liv 3 Nefi a: Yon liv nan Liv Mòmou an, Nefi, pitit gason Nefi a te ekri. Chapit 1–10 montre akonplisman pwofesi konsènan vini Senyè a. Yo te resewva siy nesans Kris la; pèp la te repanti; epi apre sa yo te retounen nan mechanste. Finalman tanpèt, tranbleman tè, siklòn vyolan ak gran destriksyon te siyale lanmò Kris la. Chapit 11–28 anrejistre vini Kris la nan Amerik. Sa se pati santral liv 3 Nefi a. Anpil nan pawòl Kris yo sanble avèk diskou Li yo ki anrejistre nan Bib la (paregzanp, Mat. 5–7 epi 3 Ne. 12–14). Chapit 29–30 se pawòl Mòmou pou nasyon nan dènye jou yo.

Liv 4 Nefi a: Liv sa a sèlman gen 49 vèsè, yo tout nan yon sèl chapit la, men li kouvri prèske 300 zan nan istwa Nefit la (34–321 APRE JEZIKRI). Plizyè jenerasyon ekriyen, ak Nefi tou te kontribye nan rejis sa a. Vèsè 1–19 fè konnen, apre vizit Kris resisite a, tout Nefit yo ak tout Lamanit yo te konvèti nan levanjil la. Lapè, lanmou, ak amoni te reye. Twa disip Nefit yo Kris la te aksepte pou rete sou tè a jis tan Dezyèm Vini L la (3 Ne. 28:4–9) yo te administre pou pèp la. Nefi te kite rejis yo nan men Amòs, pitit gason l lan. Vèsè 19–47 se istwa ministè Amòs (84 ane) ak ministè Amòs, pitit gason l lan (112 ane). Nan 201 APRE JEZIKRI, lògèy te kòmanse koze pwoblèm pami pèp la, yo divize tèt yo fè de klas epi yo kòmanse fo legliz pou yo kapab gen lajan (4 Ne. 1:24–34).

Vèsè final nan 4 Nefi a montre kòman pèp la te retounen nan mechanste ankò (4 Ne. 1:35–49). Nan 305 APRE JEZIKRI, Amòs, pitit gason Amòs la te mouri epi Amawon, frè l la te sere tout rejis sakre yo pou pwoteksyon. Apre sa Amawon te konfye rejis yo nan men Mòmou, ki te anrejistre plizyè evènman konsènan lavi pa l epi apre sa li rezime yo (Mòm. 1:2–4).

Nefit yo. *Gade tou nan* Lamanit yo; Liv Mòmou; Nefi, pitit gason Leyi

Yon gwoup moun nan Liv Mòmou an, anpil ladan yo te desandan pwofèt Nefi, pitit gason Leyi. Yo te separe tèt yo ak Lamanit yo epi jeneralman yo te pi jis pase

Lamanit yo. Sepandan Lamanit yo te detwi yo alafen poutèt mechanste.

Nefit yo te separe nan pami Lamanit yo, **2 Ne.** 5:5–17. Tout moun ki pa t Lamanit yo te Nefit yo, **Jakòb** 1:13. Yon pi bon koz te enspire Nefit yo, **Alma** 43:6–9, 45. Nefit yo pa t janm pi kontan pase lè epòk Mowoni an, **Alma** 50:23. Nefit yo te sove poutèt priyè moun ki jis yo, **Alma** 62:40. Nefit yo te kòmanse tonbe nan enkredilite, **Ela.** 6:34–35. Jezi te anseye epi li te administre nan pami Nefit yo, **3 Ne.** 11:1–28:12. Yo tout te konvèti nan Senyè a epi yo tout te gen menm byen yo, **4 Ne.** 1:2–3. Pa t gen kontansyon, lanmou Bondye te abite nan kè yo, epi yo te pèp ki te pi kontan an, **4 Ne.** 1:15–16. Nefit yo te kòmanse vin gen lògèy ak vanite, **4 Ne.** 1:43. San ak ansasen te gaye nan tout sifas peyi a, **Mòm.** 2:8. Mechanste Nefit yo te ogmante epi Mòmou te refize dirije yo, **Mòm.** 3:9–11. Tout Nefit yo eksepte vennkat, te mouri, **Mòm.** 6:7–15. Yo te touye tout Nefit ki pa t vle nye Kris la, **Mowo.** 1:2.

Nefit yo te detwi poutèt mechanste yo ak peche yo, **D&A** 3:18. Fè atansyon avèk lògèy pou w pa vin tankou Nefit yo, **D&A** 38:39.

Neftali. *Gade tou nan* Izrayèl; Jakòb, pitit gason Izarak

Sizyèm nan douz pitit gason Jakòb yo epi dezyèm pitit Bila, ki te bòn Rachèl la (Jen. 30:7–8). Neftali te gen kat pitit gason (1 Kwo. 7:13).

Tribi Neftali a: Benediksyon Jakòb te bay Neftali yo anrejistre nan Jenèz 49:21. Benediksyon Moyiz te bay tribi a anrejistre nan Detewonòm 33:23.

Neyò. *Gade tou nan* Antekris; Fo prèt

Yon nonm mechan nan Liv Mòmou an. Neyò te youn nan premye moun ki te pratike enbrigdeprèt pami Nefit yo. Lè l te fin anseye fo doktrin epi lè l te fin touye Jedeon, yo te egzekite Neyò poutèt krim li yo (Alma 1). Patizan Neyò yo te kontinye pratik mechan li yo pou anpil tan apre Neyò te fin mouri.

Nikodèm

Yon jij nan patizan Neyò yo te anpri-zone Alma ak Amilèk, **Alma** 14:14–18. Yo te nan menm pwofesyon ak Neyò ki te mouri a, **Alma** 16:11. Anpil moun te nan gwoup Neyò yo, **Alma** 21:4. Pi fò nan moun ki te touye frè yo te nan gwoup Neyò yo, **Alma** 24:28.

Nikodèm. *Gade tou nan* Farizyen yo

Nan Nouvo Testaman an, yon gouvènè Juif yo ki te jis (petèt nan Sanedren an) epi yon Farizyen (Jan 3:1).

Li te pale avèk Jezi nan nuit, **Jan** 3:1–21. Li te defann Kris la devan Farizyen yo, **Jan** 7:50–53. Li te pote pafen pou antèman Jezi a, **Jan** 19:39–40.

Niniv. *Gade tou nan* Asiri; Jonas

Nan Ansyen Testaman an, kapital Asiri epi pandan plis pase 200 zan yon gran sant komèsyal sou rivaj rivyè Tig la. Li te tonbe lè dekadans wayòm Asiryen yo, 606 ANVAN JEZIKRI.

Senacherib, wa Asiri a, ki te abite Niniv, **2 Wa** 19:36. Bondye te voye Jonas pou l te preche vil Niniv la repantans, **Jonas** 1:1–2 (Jonas 3:1–4). Pèp Niniv la te repanti, **Jonas** 3:5–10.

Kris la te itilize Niniv kòm yon egzanzp repantans devan Juif yo, **Mat.** 12:41.

Non Legliz La. *Gade nan* Legliz, non; Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo**Nonb.** *Gade tou nan* Pantatèk

Katriyèm liv nan Ansyen Testaman an. Moyiz te ekri liv Nonb la. Liv Nonb la rakonte istwa vwayaj Izrayèl depi sou Mòn Sinayi a jis nan laplèn Moab la bò fwontyè Kanaran an. youn nan leson enpòtan li anseye sèke pèp Bondye a dwe mache avèk lafwa, yo dwe kwè nan pwomès Li yo, si yo vle kontinye gen siksè. Li rakonte pinisyon Bondye te bay Izrayèl pou dezobeyisans epi li pwokire enfòmasyon konsènan lwa Izrayelit yo. Non liv la soti nan kalkil resansman (Nonb 1–2; 26).

Chapit 1–10 rakonte preparasyon izrayelit yo pou yo kite Sinayi. Chapit 11–14 dekri mach la menm, lè yo te voye

espyon nan Kanaran, epi lè Izrayèl te refize antre nan tè pwomès la. Chapit 15–19 note plizyè lwa ak evènman istorik. Chapit 20–36 se istwa dènye ane pèp la nan dezè a.

Nouvo alyans etènèl. *Gade tou nan* Alyans

Plenitid levanjil Jezikri a (D&A 66:2). Li nouvo chak epòk Bondye revele l apre yon peryòd apostazi. Li etènèl paske se alyans Bondye epi moun te jwi l nan chak dispansasyon levanjil kote moun te vle resevwa l. Jezikri te sèvi avèk Pwofèt Joseph Smith pou l revele lèzòm nouvo levanjil etènèl la ankò. Li gen òdonans sakre otorite prètriz la administrè—tèlke batèm ak maryaj nan tanp—ki fèt pou sali, imòtalite ak lavi etènèl lòm. Lè moun aksepte levanjil la epi yo pwomèt pou respekte kòmandman Bondye yo, Bondye fè alyans pou l ba yo benediksyon nouvo alyans etènèl Li a.

M ap tabli alyans mwen an ant mwen avèk ou, **Jen.** 17:7. Li pral gen alyans yon prètriz etènèl, **Nonb** 25:13. Pèp la chanje òdonans yo epi yo vyole alyans etènèl la, **Eza.** 24:5 (D&A 1:15). M ap fè yo alyans etènèl avèk ou, **Eza.** 55:3 (Jer. 32:40). Se ap yo alyans etènèl, **Ezek.** 37:26.

Senyè a te fè yo nouvo alyans, epi ansyen an pase, **Ebre** 8:13. Jezi se medyatè nouvo alyans lan, **Ebre** 12:24 (D&A 76:69).

Se yo nouvo alyans etènèl, **D&A** 22:1. M te voye alyans etènèl mwen an nan mond lan, **D&A** 45:9 (D&A 49:9). Senyè a te voye plenitid levanjil l la, alyans etènèl li a, **D&A** 66:2 (D&A 133:57). Pou yo nonm kapab rive nan degre ki pi wo nan wayòm selès la, li dwe kontrakte nouvo alyans etènèl maryaj la, **D&A** 131:1–2. Nouvo alyans etènèl la te tabli pou plenitid glwa Senyè a, **D&A** 132:6, 19.

Nouvo Jerizalèm. *Gade tou nan* Siyon

Kote Sen yo pral rasanble epi Kris la pral gouvènè avèk yo pèsònèlman pandan Milenyòm nan. Siyon (Nouvo Jerizalèm nan) pral bati sou kontinan Ameriken an, tè a pral renouvle epi li

pral resewva glwa paradi l la (AL 1:10). Yo bay referans li tou kòm yon vil sen ki pral desann soti nan syèl nan kòmansman Milenyòm nan.

Lwa a pral soti nan Siyon, **Miche** 4:2.

Non vil Bondye m nan se Nouvo Jerizalèm, **Apok.** 3:12. Jan te wè vil sen an, Nouvo Jerizalèm nan, **Apok.** 21:1–5.

M pral tabli pèp sa a nan peyi a, epi se pral yon Nouvo Jerizalèm, **3 Ne.** 20:22. Yon Nouvo Jerizalèm pral bati an Amerik, **Etè** 13:3–6, 10.

Vil Nouvo Jerizalèm nan pral prepare, **D&A** 42:9, 35, 62–69. Sen yo dwe rasanble pou yo bati Nouvo Jerizalèm nan, **D&A** 45:63–75. Nouvo Jerizalèm nan dwe bati nan Missouri, **D&A** 84:1–5 (**D&A** 57:1–3). Ti mouton an pral kanpe sou mòn Siyon an ak vil sen an, Nouvo Jerizalèm nan, **D&A** 133:56.

Tabènak mwen an pral rele Siyon, yon Nouvo Jerizalèm, **Moyiz** 7:62.

Nouvo Testaman. *Gade tou nan Bib;*
Ekrityo

Yon koleksyon ekriti enspire yo, (nan orijin nan, nan lang Grèk) konsènan lavi ak ministè Jezikri, Apot yo, ak kèk lòt disip Jezikri. Jeneralman, Nouvo Testaman an divize Levanjil yo, Travay Apot yo, epit Pòl yo, epit jeneral yo, epi liv Apokalips la.

Kat Levanjil yo—liv Matye, Mak, Lik, ak Jan—se istwa lavi Kris la. Liv Travay anrejistre istwa Legliz la ak Apot yo, espesyalman vwayaj misyonè Pòl apre lanmò Kris la. Epit Pòl yo bay dirijan Legliz yo ak manm yo enstriksyon. Lòt epit yo se kèk lòt Apot ki te ekri yo pou bay premye Sen yo plis konsèy. Liv Apokalips la, Apot Jan te ekri a, gen sitou pwo-fesi konsènan dènye jou yo.

Noye, patriyach bibli. *Gade tou nan Bato;* Delij nan epòk Noye a; Gabriyèl; Lakansyèl

Nan Ansyen Testaman an, pitit gason Lemèk la epi dizyèm patriyach depi nan Adan (Jen. 5:29–32). Li te temwaye konsènan Kris la epi li te preche repantans devan yon jenerasyon mechan. Lè pèp

Obeyi, obeyisan, obeyisans

la te rejte mesaj li a, Bondye te kòmande l pou l bati yon lach pou l mete fanmi l ak tout bèt yo pandan delij la pral detwi mechan yo (Jen. 6:13–22; Moyiz 8:16–30). Pwofèt Joseph Smith fè konnen Noye se zanj Gabriyèl la epi li kanpe kote Adan pou l kenbe kle sali a.

Limenn ak pitit gason l yo, Jafèt, Sèm, Kam, ak madanm yo te sove lè yo te bati lach la dapre kòmandman Bondye a, **Jen.** 6–8 (Ebre 11:7; 1 Pyè 3:20). Senyè a te renouvle alyans li te fè avèk Enòk epi Noye a, **Jen.** 9:1–17 (TJS, Jen. 9:15, 21–25; Moyiz 7:49–52).

Metichèla te òdone Noye nan prètriz la lè Noye te gen dizan, **D&A** 107:52.

Lòm te eseye pran lavi l, men pouwva Bondye te sove l, **Moyiz** 8:18. Li te vin tounen yon predikatè jistis epi li te anseye levanjil Jezikri a, **Moyiz** 8:19, 23–24 (2 Pyè 2:5).

Noye, pitit gason Zenif

Yon wa mechan nan Liv Mòmmon an. Li te gouvènè sou tèt yon gwoup Nefit nan peyi Nefi a.

Noye te komèt anpil peche, **Mozya** 11:1–15. Li te bay lòd pou touye pwofèt Abinadi, **Mozya** 13:1 (Mozya 17:1, 5–20). Noye te boule jistan l mouri, **Mozya** 19:20.

Obeyi, obeyisan, obeyisans. *Gade tou nan Benediksyon, beni; Jwa; Kòmandman Bondye yo; Koute; Lwa; Mache, mache avèk Bondye*

Nan yon sans espiyèl, obeyisans vle di fè volonte Bondye.

Noye te fè tout sa Bondye te kòmande, **Jen.** 6:22. Abraram te obeyi Senyè a, **Jen.** 22:15–18. Nou pral fè tout sa Senyè a te di nou, **Egz.** 24:7. Koute, O Izrayèl, epi aplike l, **Det.** 6:1–3. Renmen Senyè a epi obeyi vwa l, **Det.** 30:20. Obeyi pi bon pase sakrifis, **1 Sam.** 15:22. Krent Bondye, epi respekte kòmandman l yo, **Ekl.** 12:13–14.

Se pa tout moun ki pral antre nan wayòm syèl la, men se moun ki fè volonte Papa a, **Mat.** 7:21 (3 Ne. 14:21). Nenpòt

Obèd

moun ki fè volonte l, l ap konnen doktrin nan se pou Bondye, **Jan** 7:17. Nou dwe obeyi Bondye pase lèzòm, **Tra.** 5:29. Timoun, obeyi paran w yo, **Efe.** 6:1 (Kol. 3:20).

M prale epi m ap fè bagay Senyè a te kòmande yo, **1 Ne.** 3:7. M te obeyi vwa Lespri a, **1 Ne.** 4:6–18. Si pitit lèzòm yo respekte kòmandman Bondye yo, li nourri yo, **1 Ne.** 17:3. Fè atansyon pou w pa obeyi lespri malen an, **Mozya** 2:32–33, 37 (D&A 29:45). Lèzòm rekoltè rekonpans yo dapre lespri yo obeyi, **Alma** 3:26–27.

Lèzòm te dwe fè anpil bagay dapre volonte pa yo, **D&A** 58:26–29. Lòm pa ofanse Bondye nan anyen, eksepte moun ki pa konfese men l epi ki pa obeyi kòmandman l yo, **D&A** 59:21. Mwen menm Senyè a m mare lè w fè sa mwen di, **D&A** 82:10. Tout nanm ki obeyi vwa m, l ap wè figi m epi l ap konnen m egziste, **D&A** 93:1. Moun dwe sibi chatiman jistan yo aprann obeyisans, **D&A** 105:6. Lè nou jwenn nenpòt benediksyon nan men Bondye, se nan obeyisans lwa ki akonpaye l la, **D&A** 130:21.

Adan te obeyisan, **Moyiz** 5:5. Nou pral epwouve yo pou nou wè si y ap fè tout bagay Senyè a kòmande, **Abr.** 3:25.

Obèd. *Gade tou nan Boaz; Rit*

Nan Ansyen Testaman an, pitit gason Boaz avèk Rit la epi papa Izayi, ki te vin tounen papa Wa David (Rit 4:13–17, 21–22).

Òdinasyon, òdone. *Gade tou nan* Aple, Bondye te aple, apèl; Men, Enpozisyon; Ofis, ofisyè; Otorite; Prètriz

Anplwaye, oubyen konfere otorite oubyen ofis. Pou yon moun itilize otorite nan Legliz Senyè a, Bondye dwe ba l apèl avèk pwofesi epi enpozisyon men anba men moun ki gen otorite (AL 1:5). Menm si yon moun kapab resevwa otorite nan òdinasyon, li itilize l sou direksyon moun ki gen kle patikilye pou otorite sa a.

M òdone w kòm yon pwofèt pou nasyon yo, **Jer.** 1:5.

Ou pa t chwazi m, men m te chwazi w, epi m te òdone w, **Jan** 15:16.

Paske li te resevwa otorite nan men Bondye, Alma te òdone prèt, **Mozya** 18:18. Lèzòm resevwa òdinasyon nan gran prètriz la, avèk yon òdonans sen, **Alma** 13:1–9. Jezi te aple epi li te òdone douz disip, **3 Ne.** 12:1. Ansyen yo te òdone prèt ak enstriktè avèk enpozisyon men, **Mowo.** 3.

Fè yon ti tann, paske w poko resevwa òdinasyon, **D&A** 5:17. Joseph Smith te resevwa òdinasyon kòm yon Apot Jezikri, **D&A** 20:2 (D&A 27:12). Pèsonn pa kapab resevwa òdinasyon san vot legliz la, **D&A** 20:65. Pèsonn pa kapab preche levanjil mwen an, san li pa resevwa òdinasyon nan men yon moun ki gen otorite, **D&A** 42:11. Ansyen yo resevwa òdinasyon pou yo preche levanjil mwen, **D&A** 50:13–18. Se devwa Douz yo pou yo òdone epi òganize tout lòt ofisyè nan Legliz la, **D&A** 107:58.

M t ap chèche benediksyon zansèt yo ak otorite ki pou ta òdone m nan, **Abr.** 1:2. Joseph Smith ak Oliver Cowdery te òdone youn lòt nan Prètriz Aawon an, **I—JS** 1:68–72.

Òdinasyon Prètriz. *Gade nan* Òdinasyon, òdone

Òdonans yo. *Gade tou nan* Jeneyaloji; Sali; Sali pou mò; Sele, sèlman; Tanp, kay Senyè a

Rit ak seremoni sakre yo. Òdonans yo se aksyon ki gen siyifikasyon esprityèl. Òdonans yo vledi tou lalwa ak règleman Bondye yo.

Administrasyon pou malad fè pati nan òdonans Legliz la yo (Jak 5:14–15), benediksyon sentsèn (D&A 20:77, 79), batèm pa imèsyon (Mat. 3:16; D&A 20:72–74), benediksyon timoun (D&A 20:70), konfere Sentepri a (D&A 20:68; 33:15), konfere prètriz la (D&A 84:6–16; 107:41–52), òdonans nan tanp (D&A 124:39), epi maryaj nan nouvo alyans etènèl la (D&A 132:19–20).

Anseye yo òdonans ak lalwa, **Egz.** 18:20. Mache nan regilasyon mwen yo

epi kenbe òdonans mwen yo, **Ezek.** 11:20.

Pèp la te korèk nan obsève òdonans Bondye yo, **Alma** 30:3. Ki enterè nou genyen pou nou kenbe òdonans li yo, **3 Ne.** 24:13–14.

Yon moun ki priye epi ki kontri, m aksepté l si l obeyi òdonans mwen yo, **D&A** 52:14–19.

Tout limanite kapab sove, pa mwayen obeyisans lalwa ak òdonans Levanjil la yo, **AL** 1:3.

Òdonans pa pwokirasyon: Se yon òdonans relijye ke yon moun ki vivan fè pou yon moun ki mouri. Òdonans sa yo gen valè sèlman lè pou moun sila yo ke yo te fè òdonans yo aksepté yo, kenbe alyans asosye avèk yo a, epi ki vin sele pa lantremiz Lespri sen pwomès la. Tankou òdonans yo ki fèt nan tanp yo jodi a.

Ki sa moun ki batize pou mò yo pral fè, si mò yo p ap janm resisite, **1 Kor.** 15:29.

Batèm pou mò yo dwe selebre nan tanp yo, **D&A** 124:29–36. Lespri yo ki nan mond lespri a te resevwa enstrikasyon konsènan batèm pa pwokirasyon pou padon peche yo, **D&A** 138:29–34.

Ofanse

Lè yon moun vyole yon lwa diven, fè peche, oubyen lakoz malèz oubyen domaj; epi tou deplè oubyen annwiye.

Li pi difisil pou kalme yon frè ki te ofanse pase yon vil fò, **Pwov.** 18:19.

Si je dwat ou ofanse w, rache l jete, **Mat.** 5:29. Nenpòt moun ki ofanse youn nan timoun piti sa yo ki kwè nan mwen an, li t ap pi bon si li ta nwaye nan lanmè a, **Mat.** 18:6 (**D&A** 121:19–22).

Si frè w oubyen sè w ofanse w epi li konfese, ou dwe rekonsilye, **D&A** 42:88. Lèzòm pa ofanse Bondye nan anyen, eksepte moun ki pa konfese prezans li epi ki pa obeyi kòmandman l yo, **D&A** 59:21.

Ofis, ofisyè. *Gade tou nan* Òdinasyon, òdone; Prètriz

Pozisyon otorite oubyen responsablite nan yon òganizasyon, li itilize souvan nan ekriti yo pou demontre yon pozisyon

otorite nan prètriz la; li kapab vledi tou devwa ki asosye avèk pozisyon an oubyen avèk moun ki gen pozisyon an.

Tout manm yo pa gen menm ofis, **Wom.** 12:4.

Nou te mayifye ofis nou devan Senyè a, **Jakòb** 1:19. Mèlkisedèk te gen ofis nan gran prètriz la, **Alma** 13:18. Devwa ministeryèl zanj yo se pou yo rele tout moun nan repantans, **Mowo.** 7:31.

Pèsonn pa dwe resevwa òdinasyon nan okenn ofis nan legliz sa a san konsantman legliz la, **D&A** 20:65. Se pou chak moun rete nan ofis pa li, **D&A** 84:109. Gen plizyè prezidan oubyen ofisyè prezidan ki gen chaj nan pami moun ki te resevwa òdinasyon nan de prètriz sa yo, **D&A** 107:21. Devwa moun ki prezide sou tèf ofis kowòm prètriz yo dekri, **D&A** 107:85–98. Se pou chak moun aprann devwa yo epi pou yo aji nan ofis yo lonmen yo a, **D&A** 107:99–100. M ba ou ofisyè yo ki nan prètriz mwen an, **D&A** 124:123.

Ofrann. *Gade tou nan* Antrèd; Dim, dizyèm; Fè lacharite, lacharite; Jèn, jène; Sakrifis

Yon don pou Senyè a. Ansyen Testaman an te itilize mo a souvan pou fè referans a sakrifis oubyen olokòs yo. Kounyeya, Legliz la itilize ofrann jèn ak lòt ofrann volontè (tèlke tan, talan ak byen) pou ede pòv epi pou lòt bon kòz.

Ou vòlè m nan ladim ak ofrann, **Mal.** 3:8–10.

Rekonsilye avèk frè w la anvan epi apre sa ofri don w lan, **Mat.** 5:23–24.

Ofri tout nanm ou kòm yon ofrann pou Kris la, **Omni** 1:26. Si yon moun ofri yon don san senserite, sa pa itil li anyen, **Mowo.** 7:6.

Prètriz Aawon an p ap janm deplase jistan pitit gason Levi yo ofri Senyè a yon ofrann avèk jistis ankò, **D&A** 13. Nan jou Senyè a, ou dwe ofri ofrann ak sentèsen ou devan Bondye Ki Pi Wo a, **D&A** 59:12. Kòm yon legliz epi kòm yon pèp, an nou ofri Senyè a yon ofrann avèk jistis, **D&A** 128:24.

Ògèye, ogeye, ògeye

Ògèye, ogeye, ògeye. *Gade nan Lògèy*

Omega. *Gade tou nan Alfa ak Omega;*
Jezikri

Omnè. *Gade tou nan Mozya, pitiit*
gason Benjamen; Mozya, pitiit gason
yo

Nan Liv Mòmmon an, yon pitiit gason
Wa Mozya. Omnè te ale avèk frè l yo pou
l preche Lamanit yo (Mozya 27:8–11, 34–
37; 28:1–9).

Omni

Yon achivis Nefit nan Liv Mòmmon an
ki te ekri nan anvivon 361 ANVAN JEZIKRI
(Jawòm 1:15; Omni 1:1–3).

Liv Omni an: Yon liv tradui nan Liv Mòm-
mon an, ki te soti nan ti plak Nefi yo. Liv
la gen yon sèl chapit, ki gen istwa lagè
pami Nefit yo avèk Lamanit yo. Omni
te sèlman ekri twa premye vèsè yo nan
liv la. Apre sa plak yo te pase ale jwenn
Amawon, Kemich, Abinadòm, epi final-
man Amaleki. Amaleki te remèt plak yo
bay Wa Benjamen, wa Zarayemla a.

Omnipotan. *Gade tou nan Bondye,*
Divinite

Karakteristik diven yon moun ki gen
tout pouvwa, (Jen. 18:14; Alma 26:35;
D&A 19:1–3).

Omniprezan. *Gade tou nan Bondye,*
Divinite

Kapasite Bondye genyen pou l prezan
tout kote pa mwayen lespri li (Sòm 139:7–
12; D&A 88:7–13, 41).

Omnisyan. *Gade tou nan Bondye,*
Divinite

Karakteristik diven yon moun ki gen-
yen tout konesans (Mat. 6:8; 2 Ne. 2:24).

Onè. *Gade tou nan Estime; Reverans*

Jan yo itilize l abityèlman nan ekriti
yo, bay respè pou yon moun oubyen yon
bagay.

Onore papa w ak manman w, **Egz.**
20:12 (1 Ne. 17:55; Mozya 13:20). Onore
Senyè a avèk byen w yo, **Pwov.** 3:9.

Si nenpòt moun sèvi m, Papa m ap
onore l, **Jan** 12:26. Mari yo ta dwe onore
madanm yo, **1 Pyè** 3:7.

Se avèk bouch yo sèlman yo onore
Senyè a, **2 Ne.** 27:25 (Eza. 29:13). M p ap
chèche onè mond lan, **Alma** 60:36.

Dyab la te fè rebèl kont mwenn, li te
di konsa, ban m onè w la, ki vle di pou-
vwa m, **D&A** 29:36. Kwayan yo pral re-
sevwa kouwòn onè, **D&A** 75:5 (D&A
124:55). Senyè a pran plèzi pou l onore
moun ki sèvi l, **D&A** 76:5. Yo pa chwazi
paske yo mete lide yo sou onè lèzòm,
D&A 121:34–35.

Nou kwè nou dwe onore epi soutni
lwa a, **AL** 1:12 (D&A 134:6).

Onèt, onètete. *Gade tou nan Entegrite*

Lè yon moun sensè, veridik, ak san epi
li pa nan mètdam.

Moun ki fè zafè yo nan verite, yo se de-
lis Senyè a, **Pwov.** 12:22. Peye sa w dwe,
Ekl. 5:4–5.

Nou te denonse zèv dezonèt kache
yo, **2 Kor.** 4:1–2. Fè konvèsasyon onèt,
1 Pyè 2:12.

Malè yon mantè, paske yo pral voye
l desann nan lanfè, **2 Ne.** 9:34. Lespri a
pale verite epi li pa bay manti, **Jakòb**
4:13. Nenpòt moun ki prete nan men
vwazen l, li dwe remèt sa li te prete a,
Mozya 4:28 (D&A 136:25). Fè zafè w avèk
jistis, jije avèk jistis, epi fè byen, **Alma**
41:14.

Chak moun dwe fè zafè yo avèk onè-
tete, **D&A** 51:9. Tout moun ki konnen kè
yo onèt, m aksepte yo, **D&A** 97:8. Moun
ki onèt, ki saj, epi ki bon ta dwe chèche
pozisyon politik, **D&A** 98:4–10. Chèche
avèk dilijans pou w remèt vwazen w sa
li te pèdi, **D&A** 136:26.

Nou kwè nou dwe onèt, **AL** 1:13.

Opozisyon. *Gade nan Advèsite*

Otèl. *Gade tou nan Sakrifis*

Yon elevasyon yo itilize pou ofri sakri-
fis, ofrann avèk adorasyon.

Noye te bati yon otèl devan Senyè a epi
li te ofri olokòs yo, **Jen.** 8:20. Abram te
bati yon otèl devan Senyè a, **Jen.** 12:7–8.

Abraram te plase pitit gason l la sou otèl lan, **Jen.** 22:9 (Jen. 22:1–13). Jakòb te bati yon otèl e l te rele l Èl-betèl, **Jen.** 35:6–7. Eli te bati yon otèl epi li te bay prèt Baal yon defi, **1 Wa** 18:17–40.

Si w pote ofrann sa a sou otèl lan, dabò rekonsilye ak frè w, **Mat.** 5:23–24. Mwen te wè anba otèl la nanm yo ki t ap chèche pawòl Bondye, **Apok.** 6:9 (D&A 135:7).

Leyi te bati yon otèl an wòch e li te remèsye Senyè a, **1 Ne.** 2:7.

Abraram te sove anba lanmò sou otèl Èlkena, **Abr.** 1:8–20.

Otorite. *Gade tou nan* Aple, Bondye te aple, apèl; Kle prèttriz la; Òdinasyon, òdone; Pouvwa; Prèttriz

Pèmisyon lèzòm ki aple oubyen òdone genyen sou tè a pou aji nan non Bondye Papa a oubyen Jezikri pandan y ap fè travay Bondye a.

Se mwen menm ki voye w, **Egz.** 3:12–15. Di tout sa mwen kòmande w pou di, **Egz.** 7:2.

Li te bay douz disip pouvwa, **Mat.** 10:1. Se pa nou ki chwazi m, se mwen menm ki chwazi nou, ki òdone nou, **Jan** 15:16.

Nefi ak Leyi te preche avèk gwo otorite, **Ela.** 5:18. Nefi, pitit gason Elaman an te resevwa gwo otorite nan men Bondye, **Ela.** 11:18 (3 Ne. 7:17). Jezi te bay douz Nefit pouvwa ak otorite, **3 Ne.** 12:1–2.

Bondye te aple epi òdone Joseph Smith, **D&A** 20:2. Pèsonn pa dwe preche levanjil la oubyen bati Legliz la san yon moun ki gen otorite pa òdone l, **D&A** 42:11. Ansyen yo dwe preche levanjil la, pou yo aji avèk otorite, **D&A** 68:8. Prèttriz Mèlkisedèk gen otorite pou administre bagay esprityèl, **D&A** 107:8, 18–19. Tout sa ki fèt anba otorite divin, tounen lalwa, **D&A** 128:9.

Nenpòt moun ki preche oubyen ki administre pou Bondye dwe resevwa apèl nan men Bondye anba men moun ki gen otorite, **AL** 1:5.

Otorite Jeneral yo. *Gade nan* Apot; Evèk Prezidan; Premye Prezidans; Swasannid

Our

Nan Ansyen Testaman an, Our ki nan Kalde se kote Abram te rete nan kòmansman (Jen. 11:27–28, 31; 15:7; Ney. 9:7; Abr. 2:1, 4).

Ourim ak Toumim. *Gade tou nan* Pektoral; Vwayan

Enstriman Bondye prepare pou asiste lòm pou yo jwenn revelasyon epi pou yo tradui lang. Nan lang Ebre a, mo yo vledi “limyè ak pèfeksyon.” Ourim ak Toumim nan gen de boul kristal antoure avèk riban ajantri epi kèk fwa yo itilize l avèk yon kiras (D&A 17:1; I—JS 1:35, 42, 52). Tè sa a pral tounen yon gran Ourim ak Toumim lè l nan eta imòtèl epi sanntifye (D&A 130:6–9).

Ou dwe mete Ourim ak Toumim nan nan kiras jijman an, **Egz.** 28:30.

Yon moun ki konkeri, m ap ba li yon wòch blan, **Apok.** 2:17.

Li gen yon bagay pou l gade pou l kapab tradui, **Mozya** 8:13. M ap ba w de wòch sa yo, **Etè** 3:23–24, 28 (Etè 4:5).

Joseph Smith te resevwa revelasyon nan Ourim ak Toumim nan, D&A antèt seksyon 6; 11; 14–16. Ou te resevwa pouvwa pou w tradui avèk Ourim ak Toumim nan, **D&A** 10:1. Twa Temwen yo te gen pou yo wè Ourim ak Toumim frè Jarèd la te resevwa sou mòn nan, **D&A** 17:1. Kote Bondye rezide a se yon gran Ourim ak Toumim. Wòch blan an pral tounen yon Ourim ak Toumim pou chak moun ki resevwa youn, **D&A** 130:6–11.

Mwen menm Abraram, m te gen Ourim ak Toumim nan, **Abr.** 3:1, 4.

Ozana

Yon mo Ebre ki vledi “tanpri sove nou” epi yo itilize l nan louwanj ak siplikasyon.

Nan Fèt Tabènak la, kote yo te konn selebre lè Senyè a te delivre Izrayèl ale nan tè pwomiz la, pèp la te konn chante pawòl Sòm 118 epi yo te konn leve branch palmis anlè. Lè Senyè a t ap antre ak vik-twa nan Jerizalèm nan, miltitid la te rele “Ozana” epi yo te etale branch palmis

Oze

pou Jezi mache, pou yo te kapab pwouve yo konprann Jezi se te menm Senyè a ki te delivre Izrayèl nan tan lontan an (Sòm 118:25–26; Mat. 21:9, 15; Mak 11:9–10; Jan 12:13). Moun sa yo te rekonèt Kris la kòm Mesi moun yo t ap rete tann depi lontan an. Mo *Ozana* a te vin tounen yon selebrasyon pou Mesi a nan tout epòk (1 Ne. 11:6; 3 Ne. 11:14–17). Rele ozana a te fè pati nan konsekrasyon Tanp Kirtland (D&A 109:79) epi kounyeya li se yon pati nan konsekrasyon tanp modèn yo.

Oze

Yon pwofèt ansyen Testaman ki te pwofetize nan wayòm nò Izrayèl pandan finisman gouvènman Jewobowam II a. Li te viv pandan yon epòk ki te gen deklèn nasyonal ak destriksyon, rezilta peche Izrayèl.

Liv Oze a: Sijè prensipal liv la se lanmou Bondye genyen pou pèp Li a. Tout chatiman ki te aflije yo se te avèk lanmou, epi retablisman Izrayèl L ap fèt poutèt lanmou Li (Oze 2:19; 14:4). Sepandan, Oze te montre koken ak enfidelite Izrayèl. Malgre sa Bondye kapab pare pou redanmsyon final Izrayèl (Oze 11:12–14:9).

Pa imèsyon. *Gade nan* Batèm, batize—
Batèm pa imèsyon

Padon. *Gade tou nan* Ekspyasyon, ekspye; Konfese, konfesyon; Remisyon peche yo; Repantans, repanti

Jan yo itilize l nan ekriti yo jeneralman, padone siyifi de bagay: (1) Lè Bondye padone lèzòm, Li ranwaye oubyen Li mete pinisyon peche a sou kote. Tout moun ki repanti kapab jwenn padon pou peche yo nan Ekspyasyon Kris la, eksepte moun ki koupab ansasen oubyen peche enpadonab kont Sentespri a. (2) Lè moun padone youn lòt, youn trete lòt avèk lanmou kretyenepi yo pa gen move santiman kont moun ki te ofanse yo (Mat. 5:43–45; 6:12–15; Lik 17:3–4; 1 Ne. 7:19–21).

Senyè a pasyan, epi li gen gran mizèrikòd, li padone inikite ak transgresyon,

Nonb 14:18. Menm si peche w yo tankou kramwazi, y ap vin tankou nèj, **Eza.** 1:18.

Padone peche nou yo jan nou padone moun ki dwe nou yo, **Mat.** 6:12 (Lik 11:4; 3 Ne. 13:11). Pitit Gason lòm gen pouvwa pou l padone peche, **Mat.** 9:6 (Mat. 18:35; Mak 2:10; Lik 5:20–24). Konbyen fwa m dwe padone frè m nan lè l fè peche kont mwen, **Mat.** 18:21–22 (D&A 98:40). Yon moun ki blasfeme kont Sentespri a, li pa janm gen padon, **Mak** 3:29 (Alma 39:6). Si frè w fè peche kont ou epi li repanti, padone l, **Lik** 17:3. Papa padone yo, paske yo pa konnen sa y ap fè, **Lik** 23:34.

Priye pou padon, **1 Ne.** 7:21. Aplike san ekspyatwa Kris la pou nou kapab resevwa padon pou peche nou yo, **Mozya** 4:2. Si li konfese peche li yo devan m ak ou menm, epi li repanti, ou mèt padone l, **Mozya** 26:29–31.

Yon moun ki repanti epi ki obsève kòmandman yo, l ap resevwa padon, **D&A** 1:32. Itilize pikwa w avèk fòs epi peche w yo padone, **D&A** 31:5 (D&A 84:61). Yon moun ki repanti nan peche li yo, yo padone, epi, mwenmenm Senyè a, m pa sonje yo ankò, **D&A** 58:42. M ap padone moun m gen pou m padone yo, men ou menm ou dwe padone tout moun, **D&A** 64:10. Depi w padone youn lòt pou peche yo, menm jan an, mwenmenm Senyè a, m ap padone w, **D&A** 82:1. Moun mwen renmen, m chatye yo tou pou peche yo kapab padone, **D&A** 95:1.

M te padone w transgresyon w yo, **Mo-yiz** 6:53.

Pafè

Konplè, antye, epi totalman devlope; totalman jis. Pafè kapab vle di tou, san peche oubyen san mal. Sèlman Kris la te totalman pafè. Vrè disip Kris yo kapab vin pafè nan gras li ak Ekspyasyon l.

Fè kè w pafè avèk Senyè a, **1 Wa** 8:61.

Ou dwe pafè, menm jan avèk Papa w ki nan syèl la, **Mat.** 5:48 (3 Ne. 12:48). Nenpòt moun ki pa di pawòl ofansan, moun sa pafè, **Jak** 3:2.

Lafwa pa vle di pou moun genyen yon konesans pafè konsènan yon bagay, **Alma** 32:21, 26. Ekspyasyon an te fèt pou

Bondye te kapab yon Bondye pafè, **Alma** 42:15. Mowoni te yon nonm ki gen konpreyansyon pafè, **Alma** 48:11–13, 17–18. Chak moun te resevwa Lespri Kris la pou yo jije epi pou yo konnen avèk yon konnesans pafè si yon bagay soti kote Bondye oubyen kote dyab la, **Mowo.** 7:15–17. Vini jwenn Kris la, epi pèfeksyone w nan li, **Mowo.** 10:32.

Kontinye nan pasyans jistan w vin pafè, **D&A** 67:13. Moun sa yo se moun jis ki te vin pafè pa mwayen Jezi, **D&A** 76:69. Ofis nan Legliz yo se pou pèfeksyone Sen yo, **D&A** 124:143 (Efe. 4:11–13). Vivan yo pa pafè san mò yo, **D&A** 128:15, 18.

Noye te yon nonm jis, epi li te pafè nan jenerasyon l la, **Moyiz** 8:27.

Pak. *Gade nan* Jezikri; Rezirèksyon

Pak (fèt juif). *Gade tou nan* Dènve Soupe; Ti mouton Bondye

Fèt Pak la te òganize pou ede pitit Izrayèl yo sonje lè zanj destriktè a te pase sou kay yo a pou delivre yo anba men Ejiptyen yo (Egz. 12:21–28; 13:14–15). Ti mouton san tach, ki te gen san yo sèvi kòm siy pou sove ansyen Izrayèl la, se senbòl Jezikri, Ti mouton Bondye a, ki te fè sakrifis pou rachte tout limanite a.

Men òdonans Pak la, **Egz.** 12:43.

Jezi ak Apot li yo te selebre Pak la nan Dènve Soupe a, **Mat.** 26:17–29 (Mak 14:12–25). Men Ti mouton Bondye a, ki wete peche mond lan, **Jan** 1:29, 36. Kris la, Pak nou an te sakrifye pou nou, **1 Kor.** 5:7. San Kris la rachte nou, tankou yon ti mouton san tach, **1 Pyè** 1:18–19.

Mete lafwa nan Ti mouton Bondye a ki wete peche mond lan, **Alma** 7:14.

Sen yo ki pratike Pawòl Sajès la ap prezève menm jan avèk pitit Izrayèl yo, **D&A** 89:21.

Ti Mouton an te mouri depi nan fondasyon mond lan, **Moyiz** 7:47.

Pannkòt. *Gade tou nan* Lwa Moyiz

Kòm yon pati nan lwa Moyiz la, Fèt Pannkòt oubyen Fèt premye fwi yo te fete senkant jou apre Fèt Pak la (Lev.

23:16). Pannkòt la, se te pou selebre rekòt, epi nan Ansyen Testaman an yo rele l Fèt rekòt oubyen Fèt semèn yo. Se te fèt sa a ki t ap selebre a lè Apot nan Jerizalèm yo te ranpli avèk Sentespri a epi yo te pale plizyè lang yo (Tra. 2; **D&A** 109:36–37).

Panse (lespri)

Fakilte mantal; pouvwa pansè reyèl.

Sèvi l avèk yon kè pafè epi yon pansè deside, **1 Kwo.** 28:9.

Renmen Senyè Bondye w la avèk tout pansè w, **Mat.** 22:37.

Panse chanèl se lanmò; pansè espirityèl se lavi etènèl, **2 Ne.** 9:39. Vwa Senyè a te vin nan pansè m, **Enòs** 1:10. Pawòl gen yon pi gran efè sou pansè pèp la pase epe, **Alma** 31:5.

M ap di w nan pansè w, **D&A** 8:2. Etidye l nan pansè w, **D&A** 9:8. Se pou solanite etènite yo repoze nan pansè w, **D&A** 43:34. Pansè w te nwasi nan tan pase, **D&A** 84:54. Kouche nan kabann ou bonè, leve bonè pou kò w ak pansè w kapab gen vigè, **D&A** 88:124.

Satan pa t konnen pansè Bondye, **Moyiz** 4:6. Senyè a te rele pèp li a Siyon paske yo te gen yon sèl kè ak yon sèl pansè, **Moyiz** 7:18.

Panse (lide). *Gade tou nan* Lib abit; Medite

Ide, konsèp ak imaj ki nan lespri yon moun. Pouvwa ki pèmèt moun pansè, se yon don Bondye, epi nou lib pou nou chwazi kòman nou vle itilize pouvwa pou nou pansè a. Fason nou pansè kapab afekte atitud nou ak konpòtman nou anpil, li kapab afekte pozisyon nou tou apre lavi sa a. Pansè jis mennen nan sali; pansè mechan mennen nan kondanasyon.

Senyè a konprann tout imajinasyon pansè yo, **1 Kwo.** 28:9. Jan l pansè nan kè l, se konsa li ye, **Pwov.** 23:7. Pansè m yo pa pansè w, **Eza.** 55:7–9.

Jezi te konnen pansè yo, **Mat.** 12:25 (Lik 5:22; 6:8). Move pansè soti andedan kè lèzòm, **Mak** 7:20–23. Mennen tout pansè nan kaptivite pou yo kapab obeyi Kris la, **2 Kor.** 10:5. Nenpòt bagay ki vrè,

Pantatèk

onèt, pi, oubyen emab, panse sou bagay sa yo, **Filip** 4:8.

Sonje, lè moun gen panse chanèl se lanmò, epi lè moun gen panse espirityèl se lavi etènèl, **2 Ne**. 9:39. Si w pa si-veye tèt ou ak panse w yo, ou dwe peri, **Mozya** 4:30. Panse n ap kondane nou, **Alma** 12:14.

Se sèl Bondye ki konnen panse ak ens-tansyon kè w, **D&A** 6:16 (D&A 33:1). Leve tèt gade m nan chak panse, **D&A** 6:36. Kenbe pawòl lavi yo nan panse w, **D&A** 84:85. Chase move panse w yo, **D&A** 88:69. Panse ki nan kè lèzòm yo pral revele, **D&A** 88:109. Gani panse w yo avèk vèti tout tan, **D&A** 121:45.

Panse tout moun te move tout tan, **Moyiz** 8:22.

Pantatèk. *Gade tou nan* Ansyen Testaman; Detewonòm; Egzòd; Jenèz; Levitik; Moyiz; Nonb

Yon non yo te bay senk premye liv yo ki nan Ansyen Testaman an—Jenèz, Egzòd, Levitik, Nonb, epi Detewonòm. Juif yo fè referans a liv sa yo kòm Tora an oubyen Iwa Izrayèl la. Se Moyiz ki te ekri yo (1 Ne. 5:10–11).

Paoran

Twazyèm jij an chef Nefit nan Liv Mòmon an (Alma 50:39–40; 51:1–7; 59–62).

Papa, motèl. *Gade tou nan* Benediksyon patriyakal yo; Fanmi; Paran yo; Patriyach, patriyakal

Yon tit sakre ki fè moun panse a yon nonm ki fè oubyen ki adopte yon timoun legalman.

Onore papa w ak manman w, **Egz.** 20:12 (Det. 5:16; Mat. 19:19; Mozya 13:20). Yon papa korije yon pitit gason li renmen, **Pwov.** 3:12.

Papa, pa pwovoke pitit ou yo nan kòlè, **Efe.** 6:1–4.

M te yon jan resevwa ansèyman ens-triksiyon nan tout konesans papa m, **1 Ne.** 1:1. Papa m te yon nonm jis—paske li te anseye m, **Enòs** 1:1. Alma te priye yon pitit gason li a, **Mozya** 27:14. Alma te bay pitit gason li yo kòmandman, **Alma**

36–42. Elaman te fè pitit gason li yo pote non zansèt yo, **Ela.** 5:5–12. Mòmon te tou-jou sonje pitit gason li a nan priyè li yo, **Mowo.** 8:2–3.

Yo kapab espere gran bagay nan men papa yo, **D&A** 29:48. Chak gason dwe pran swen fanmi pa l, **D&A** 75:28.

Li te kòmande m pou m ale jwenn papa m, **I—JS** 1:49.

Papa Bondye. *Gade nan* Bondye, Divinite; Papa ki nan Syèl la

Papa Etènèl La. *Gade nan* Bondye, Divinite; Papa ki nan Syèl la

Papa ki nan Syèl la. *Gade tou nan* Bondye, Divinite

Papa lespri tout limanite (Sòm 82:6; Mat. 5:48; Jan 10:34; Wom. 8:16–17; Gal. 4:7; 1 Jn. 3:2). Jezi se Sèl Pitit Gason li dap- prè lachè. Lèzòm te resevwa kòmand- man pou yo obeyi epi pou yo bay Papa a reverans epi pou yo priye L nan non Jezi.

Si w padone lèzòm, Papa w ki nan Syèl la ap padone w, **Mat.** 6:14 (Mat. 18:35; 3 Ne. 13:14). Papa w ki nan Syèl la kon- nen w bezwen tout bagay sa yo, **Mat.** 6:26–33 (3 Ne. 13:26–33). Ou pa bezwen mande si Papa w ki nan Syèl la ap bay moun ki mande l yo Lespri Sen an, **Lik** 11:11–13. Se pou Bondye ak Papa Senyè Jezikri nou an beni, **Efe.** 1:3.

Ou dwe Papa w ki nan Syèl la etènèl- man, **Mozya** 2:34. Kris te glorifye non Papa a, **Etè** 12:8.

Sen yo ta dwe rann temwayaj konsè- nan pèsekisyon yo anvan Papa a soti nan kachèt li, **D&A** 123:1–3, 6.

Nou te fè eksperyans gran benedik- syon gloriye ki te soti nan men Papa nou ki nan Syèl la, **I—JS** 1:73.

Parabòl

Yon istwa senp moun itilize pou ilistre epi anseye yon verite oubyen yon pren- sip espirityèl. Yon parabòl baze sou kon- parezon yon bagay òdinè oubyen yon evènman avèk yon verite, epi souliye siyifikasyon oubyen mesaj yon parabòl se yon bagay souvan ki kache pou moun

pa a prepare espiyèlman pou resevwa l (Mat. 13:10-17).

Jezi te anseye souvan avèk parabol. Pou yon lis parabol kle Li yo, gade nan Amoni levanjil yo nan apendis la.

Paradi. *Gade tou nan Syèl*

Pati nan mond dèzespri a kote lespri moun jis yo ki te kite lavi sa a, ap rete tann kò yo resisite a. Se yon santiman bonè ak lapè.

Yo itilize mo *paradi* a nan ekriti yo pou esplike mond lespri a (Lik 23:43), wayòm selès la (2 Kor. 12:4), epi sityasyon milenyòm glorifye tè a (AL 1:10).

Yon moun ki reziste m pral ba l manje nan fwi pyebwa lavi a, ki nan mitan paradi Bondye a, **Apok.** 2:7.

Paradi Bondye a dwe livrez lespri moun jis yo, **2 Ne.** 9:13. Lespri moun jis yo pral antre nan yon eta bonè, ki rele paradi, **Alma** 40:11-12. Tout disip Jezi yo te ale nan paradi Bondye a, eksepte twa, **4 Ne.** 1:14. Byento m pral repoze m nan paradi Bondye a, **Mowo.** 10:34.

Kris te administre nan pami lespri nan paradi yo, **D&A** 138.

Paran yo. *Gade tou nan Manman;*

Papa, motèl

Papa yo ak manman yo. Mari ak Madanm diy ki te resevwa sèlman maryaj apwopriye nan tanp Bondye kapab ranpli wòl yo kòm paran pou tout letènite. "Paran yo gen yon devwa sakre pou yo elve pitit yo nan lanmou ak jistis, pou satisfè bezwen fizik ak espiyèl yo, pou anseye yo pou yo sèvi epi pou youn renmen lòt, pou yo respekte kòmandman Bondye yo epi pou yo tounen sitwayen ki obeyi lwa kèlkeswa kote yo abite." ("Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou mond la," *Ensign*, Nov. 2010, 129).

Pitit, obeyi paran w yo, **Efe.** 6:1-3 (Kol. 3:20).

Adan ak Èv te premye paran nou yo, **1 Ne.** 5:11. Malediksyon an kapab sou tèt paran w yo, **2 Ne.** 4:6. Anseye paran yo pou yo repanti epi pou batize, **Mowo.** 8:10.

Paran yo resevwa kòmandman pou yo anseye pitit yo levanjil la, **D&A** 68:25. Tout pitit dwe resevwa nan men paran yo, **D&A** 83:4.

Peche paran yo pa kapab tonbe sou tèt pitit yo, **Moyiz** 6:54.

Partridge, Edward

Yon ansyen manm epi yon dirijan Legliz la apre retablisman l nan tan modèn yo. Edward Partridge te sèvi kòm premye evèk Legliz la (D&A 36; 41:9-11; 42:10; 51:1-18; 115; 124:19).

Pasyans. *Gade tou nan Dou, dousè;*

Pèsevè

Kapasite rezistans; abilite yon moun genyen pou l andire nan aflikasyon, dega, oubyen doulè san plenyen ni chèche vanjans.

Repoze w nan Senyè a, epi rete tann li avèk pasyans, **Sòm** 37:7-8. Yon moun ki lan nan kòlè, li gen anpil konpreyansyon, **Pwov.** 14:29.

Nan pasyans ou, domine nanm ou, **Lik** 21:19. Nou gen esperans nan pasyans ak konfò nan ekriti yo, **Wom.** 15:4. Suiv moun ki eritye pwomès yo nan lafwa ak pasyans, **Ebre** 6:12-15. Kite pasyans pèfeksyon travay li, pou w ka vin pafè epi antye, **Jak** 1:2-4. Ou te tandè pale konsènan pasyans Jòb la, **Jak** 5:11.

Yo te soumèt yo avèk kè kontan epi avèk pasyans anba tout volonte Senyè a, **Mozya** 24:15. Ou te sipòte tout bagay sa yo avèk pasyans paske Senyè a te avèk ou, **Alma** 38:4-5.

Kontinye nan pasyans jistan w vin pafè, **D&A** 67:13.

Patizan Wa yo

Nan Liv Mòmmon an, yon gwoup ki te vle chavire gouvènman Nefit yo (Alma 51:1-8).

Patriyach, patriyakal. *Gade tou nan Benediksyon patriyakal yo; Evanjelis; Papa, motèl; Prètriz Mèlkisedèk*

Ekriti yo pale konsènan de kalite patriyach: (1) yon ofis òdone nan Prètriz

Patten, David W.

Mèlkisedèk la, kèk fwa yo rele l yon evanjelis; (2) papa fanmi yo. Patriyach ki te resevwa òdinasyon yo bay manm ki diy nan Legliz la benediksyon espesyal.

Patriyach òdone yo: Li te bay kèk pwo-fèt ak kèk evanjelis, **Efe.** 4:11 (AL 1:6).

Se devwa Douz yo pou yo òdone ministè evanjelik, **D&A** 107:39. Hyrum kapab pran ofis prètriz la ak ofis patriyach la, **D&A** 124:91–92, 124; 135:1.

Papa yo: Jakòb te beni pitit gason l yo ak desandan l yo, **Jen.** 49:1–28.

Kite m pale w alèzman konsènan patriyach David, **Tra.** 2:29.

Leyi te konseye epi li te beni posterite l la, **2 Ne.** 4:3–11.

M te vin tounen you eritye jis, paske m te gen dwa zansèt yo, **Abr.** 1:2–4.

Patten, David W.

Yon manm nan premye Kowòm Douz Apot yo ki te chwazi nan dispansasyon dènye jou a. David Patten te premye moun yo te matirize poutèt Legliz retabli a, li te mouri nan batay Rivyè Crooked la, nan Missouri nan 1838.

Te resevwa apèl pou l òganize zafè l epi pou l sèvi yon misyon, **D&A** 114:1. Senyè a te pran l, **D&A** 124:19, 130.

Pawòl. *Gade nan* Jezikri—Egzistans Premètèl Kris la

Pawòl Bondye. *Gade tou nan* Ekriti yo; Kòmandman Bondye yo; Revelasyon

Enstriksyon, kòmandman, oubyen mesaj ki soti kote Bondye. Pitit Bondye yo dwe resevwa pawòl Li dirèkteman nan revelasyon Lespri a oubyen nan men sèvitè L yo (**D&A** 1:38).

Lòm viv avèk chak pawòl ki soti nan bouch Senyè a, **Det.** 8:3 (Mat. 4:4; **D&A** 84:43–44). Pawòl ou se yon lanp pou pye m, epi yon limyè pou santye m, **Sòm** 119:105.

Sentespri a te ranpli yo epi yo pale pawòl Bondye kareman, **Tra.** 4:31–33.

Ba fè a se te pawòl Bondye ki mennen nan pyebwa lavi a, **1 Ne.** 11:25 (1 Ne. 15:23–25). Ou te tèlman san sansiblite, ou pa t kapab santi pawòl li yo, **1 Ne.**

17:45–46. Malè yon moun ki rejte pawòl Bondye, **2 Ne.** 27:14 (2 Ne. 28:29; Etè 4:8). Mache an avan, rejwi nan pawòl Kris la, **2 Ne.** 31:20 (2 Ne. 32:3). Poutèt enkredilite yo, yo pa t kapab konprann pawòl Bondye a, **Mozya** 26:3 (Alma 12:10). Yo te etidye ekriti yo avèk dilijans, pou yo te kapab konnen pawòl Bondye, **Alma** 17:2. Eseye vèti pawòl Bondye a, **Alma** 31:5. Alma te konpare pawòl Bondye a avèk yon semans, **Alma** 32:28–43.

Nenpòt pawòl yo pale lè Sentespri a anime yo, se ap pawòl Senyè a, **D&A** 68:4. Viv avèk chak mo ki soti nan bouch Bondye, **D&A** 84:44–45.

Nenpòt moun ki gade pawòl mwen tankou yon trezò, yo p ap kapab desevwa l, **M—JS** 1:37.

Pawòl Sajès

Yon lwa sante Senyè a te revele pou benefis fizik epi espirityèl Sen yo (**D&A** 89). Jeneralman, moun vin fè referans avèk li kòm Pawòl Sajès la. Senyè a te toujou anseye disip Li yo prensip sante. Senyè a te revele Joseph Smith ki kalite manje pou l manje ak ki kalite pou l evite, ansanm avèk yon pwomès pou benediksyon tanporèl ak benediksyon espirityèl si l obeyi Pawòl Sajès la.

Pa bwè ni diven, ni bwason fò, **Lev.** 10:9. Diven se mokè epi bwason fò fè raj, **Pwov.** 20:1. Bwason fò ap fè moun ki bwè l mal, **Eza.** 24:9. Danyèl pa t vle degrade tèt li avèk vyann epi avèk diven wa a, **Dan.** 1:8.

Nenpòt moun ki degrade tanp Bondye a, Bondye ap detwi, **1 Kor.** 3:16–17. Tatyafè p ap eritye wayòm Bondye a, **1 Kor.** 6:10 (Gal. 5:21).

Nenpòt moun ki defann lòm manje vyann, se pa bondye ki òdone l, **D&A** 49:18–21. Moun dwe itilize tout bagay ki vin sou tè a avèk jijman, san eksè, **D&A** 59:20. Senyè a te konseye Sen yo pou yo pa itilize diven, bwason fò, tabak, epi bwason cho, **D&A** 89:1–9. Bondye òdone fèy, fwi, vyann, ak grenn manje pou itilite lèzòm ak bèt yo, **D&A** 89:10–17. Obeyisans nan Pawòl Sajès la

mennen benediksyon tanporèl ak espi-
rityèl, **D&A** 89:18–21.

Peche. *Gade tou nan* Abominab,
abominasyon; Enjis, enjistis; Enpi;
Mechan, mechanste; Ofanse;
Rebelyon; Sal, salte

Dezobeyisans volontè nan kòmand-
man Bondye yo.

Yon moun ki kouvri peche li yo, li p ap
pwospere, **Pwov.** 28:13. Menm si peche w
yo tankou kramwazi, y ap vin blan tan-
kou nèj, **Eza.** 1:18. Pechè yo pral mouri,
epi jis yo pral sove, **Ezek.** 18.

Ti mouton Bondye a wete peche mond
lan, **Jan** 1:29. Batize epi lave peche w yo,
Tra. 22:16. Rekonpans peche se lanmò,
Wom. 6:23. Yon moun ki konnen pou l
fè byen, epi ki pa fè l, se yon peche pou
li, **Jak** 4:17.

Fè m tranble devan aparans peche,
2 Ne. 4:31. Malè tout moun ki mouri nan
peche yo, **2 Ne.** 9:38. Yo pa t kapab gade
peche san repiyans, **Alma** 13:12. Pa panse
w ap retabli soti nan peche pou gen bonè,
Alma 41:9–10. Senyè a pa kapab gade
peche avèk okenn degre tolerans, **Alma**
45:16 (**D&A** 1:31). timoun piti yo pa ka-
pab komèt peche, **Mowo.** 8:8.

Pou lèzòm repanti, yo dwe konfese epi
abandone peche yo, **D&A** 58:42–43. Pi
gran peche a rete nan moun ki pa pa-
done, **D&A** 64:9. Yon moun ki peche kont
pi gran konesans la, li pral resevwa pi
gran kondanasyon an, **D&A** 82:3. Yon
nanm ki peche, ansyen peche yo ap re-
tounen sou li, **D&A** 82:7. Lè nou aji pou
nou kouvri peche nou yo, syèl la wete kò
l, **D&A** 121:37.

Peche enpadonab. *Gade tou nan*
Ansasen; Blasfèm, blasfeme; Pitit
pèdisyon yo; Sentespri

Peche lè moun nye Sentespri a, yon pe-
che ki pa kapab padone.

Lèzòm p ap resevwa padon pou blas-
fèm kont Sentespri a, **Mat.** 12:31–32 (**Mak**
3:29; **Lik** 12:10). Li enposib pou moun ki
te konnen Sentespri yo renouvle ankò
nan repantans, **Ebre** 6:4–6. Si nou pe-
che volontèman apre nou fin resevwa

konesans verite a, pa gen sakrifis ankò
pou peche nou yo, **Ebre** 10:26.

Si w nye Sentespri a epi w konnen w
nye l, se yon peche enpadonab, **Alma**
39:5–6 (**Jakòb** 7:19).

Yo pa resevwa padon paske yo te nye
Sèl Pitit Gason Literal la, paske yo te
krisifye l pou tèt pa yo, **D&A** 76:30–35.
Blasfèm kont Sentespri a p ap resevwa
padon, ki vle di koule san inosan apre
w resevwa nouvo alyans etènèl mwen
an, **D&A** 132:26–27.

Pektoral. *Gade tou nan* Ourim ak
Toumim

Ekriti yo mansyone de kalite pektoral:
(1) Pati ki devan rad ki pwoteje yon sòlda
oubyen pwotèj. Nan yon sans senbolik,
sen yo dwe abiye yo ak pektoral jistis
pou pwoteje yo kont mal (**Eza.** 59:17; **Efe.**
6:14). (2) Yon rad gran prèt yo te konn
mete nan lwa Moyiz la (**Egz.** 28:13–30;
39:8–21). Li te fèt ak twal epi li te gen
douz metal chè. Kèk fwa, yo refere l kòm
koneksyon pou Ourim ak Toumim nan
(**D&A** 17:1; I—**JS** 1:35, 42, 52).

Pelèg

Nan Ansyen Testaman an, pitit gason
Ebè a epi pitit-pitit pitit gason Sèm. Nan
epòk li a tè a te divize (**Jen.** 10:22–25).

Pen Lavi a. *Gade tou nan* Jezikri;
Sentsèn

Jezikri se Pen Lavi a. Pen sentsèn nan
reprézante senbòl kò Kris la.

M se pen lavi a, **Jan** 6:33–58.

Manje epi bwè pen ak dlo lavi a, **Alma**
5:34. Pen se nan memwa kò Kris la, **3 Ne.**
18:5–7.

Pen se anblèm kò Kris la, **D&A** 20:40,
77 (**Mowo.** 4).

Pezib. *Gade tou nan* Lapè

Yon moun ki pote oubyen ki favorize
lapè (**Mat.** 5:9; **3 Ne.** 12:9). Yon moun pe-
zib kapab yon moun tou ki pwoklame le-
vanjil la (**Mozya** 15:11–18).

Pè. *Gade nan* Krent, krentif

Pèdisyon. *Gade nan* Pitit pèdisyon yo

Pèl Gran Pri

Pèl Gran Pri. *Gade tou nan* Ekriti yo; Kanonik; Smith, Joseph, pitit la

Wayòm Bondye sou tè a konpare avèk youn “pèl gran pri” (Mat. 13:45–46).

Pèl Gran Pri a se yon non tou, yo bay youn nan kat volim ekriti ki rele “travay kanonik” Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Premye edisyon Pèl Gran Pri a te pibliye nan 1851 epi li genyen kèk pati ladan l ki nan Doktrin ak Alyans yo kounnyeya. Edisyon ki te pibliye depi 1902 yo genyen (1) ekstrè ki soti nan tradiksyon Jenèz Joseph Smith, ki rele liv Moyiz la, epi Matye 24, ki rele Matye—Joseph Smith; (2) Tradiksyon Joseph Smith te fè nan kèk papiris Ejiptyen li te jwenn nan 1835, ki rele liv Abraram nan; (3) Yon ekstrè nan istwa Legliz la Joseph Smith te ekri nan 1838 la, ki te rele Istwa—Joseph Smith; epi (4) Atik Lafwa yo, trèz deklarasyon kwayans ak doktrin.

Pèsekisyon, pèsekite. *Gade tou nan* Advèsite

Lè yo lakoz lòt moun gen angwas oubyen lapenn poutèt kwayans yo oubyen pozisyon sosyal yo; toumante oubyen eprime.

Moun ki sibi pèsekisyon poutèt jistis, yo beni, **Mat.** 5:10 (3 Ne. 12:10). Priye pou moun ki itilize w san respè epi ki pèsekite w, **Mat.** 5:44 (3 Ne. 12:44).

Poutèt yo rich, yo pèsekite moun dou yo, **2 Ne.** 9:30 (2 Ne. 28:12–13). Moun jis ki espere Kris la malgre pèsekisyon, yo p ap peri, **2 Ne.** 26:8.

Tout bagay sa yo pral ba w eksperyans, **D&A** 122:7.

Pèsevere. *Gade tou nan* Advèsite; Pasyans; Tantasyon, tante

Lè yon moun rete fèm nan desizyon li pran pou l respekte kòmandman Bondye yo malgre tantasyon, opozisyon, ak advèsite.

Yon moun ki pèsevere jiska lafen, l ap sove, **Mat.** 10:22 (Mak 13:13). Yo pa gen rasin, se poutèt sa yo sèlman pèsevere pou yon ti kras tan, **Mak** 4:17. Charite pèsevere tout bagay, **1 Kor.** 13:7. Lè

Abraram te fin pèsevere avèk pasyans, li te resevwa pwomès la, **Ebre** 6:15.

Si yo pèsevere jiska lafen, y ap monte nan dènye jou a, **1 Ne.** 13:37. Si w obeyi kòmandman yo, epi w pèsevere jiska lafen, w ap sove, **1 Ne.** 22:31 (Alma 5:13). Si w mache an avan, ou fè fèt ak pawòl Kris la, epi w pèsevere jiska lafen, w ap genyen lavi etènèl, **2 Ne.** 31:20 (3 Ne. 15:9; D&A 14:7). Nenpòt moun ki pran non m sou tèt pa l, epi ki pèsevere jiska lafen, l ap sove, **3 Ne.** 27:6.

Nenpòt moun ki pèsevere nan legliz mwen an jiska lafen, m ap tabli l sou wòch mwen an, **D&A** 10:69. Yon moun ki pèsevere avèk lafwa, l ap gen viktwa sou mond lan, **D&A** 63:20, 47. Tout twòn ak dominasyon ap tabli pou tout moun ki te pèsevere tankou vanyan pou levanjil Jezikri a, **D&A** 121:29.

Phelps, William W.

Yon ansyen manm epi yon dirijan nan Legliz la apre l te fin retabli nan 1830. Senyè a te bay William Phelps pou l vin tounen yon enprimè pou Legliz la (D&A 57:11; 58:40; 70:1).

Pi, pite. *Gade tou nan* Pwòp ak malpwòp; Sanktifikasyon

Libere anba peche avèk remò; san blam. Yon moun vin pi lè panse li yo ak aksyon li yo pwòp nan tout fason. Yon moun ki te komèt peche kapab vin pi pa mwayen lafwa nan Jezikri, repantans, epi resevwa òdonans levanjil la.

Yon moun ki gen men pwòp ak kè pi, l ap resevwa benediksyon Senyè yo a, **Sòm** 24:3–5. Ou dwe pwòp, ou menm ki pote vesèl Senyè a, **Eza.** 52:11 (D&A 133:4–5).

Moun ki gen kè pi yo beni, **Mat.** 5:8 (3 Ne. 12:8). Nenpòt bagay ki pi, se sou yo pou w panse, **Filip.** 4:8 (AL 1:13).

Tout moun ki gen kè pi, leve tèt ou epi resevwa pawòl plezan Bondye a, **Jakòb** 3:2–3. Èske w kapab leve tèt gade nan jou sa a avèk yon kè pi epi avèk men pwòp, **Alma** 5:19. Paske yo te pi epi san tach devan Bondye, yo pa t kapab gade peche san repiyans, **Alma** 13:12. Pirifye

tèt ou menm jan Kris la pi a, **Mowo**. 7:48 (Mòm. 9:6).

Kris la pral rezève yon pèp pi pou tèt pa l, **D&A** 43:14. Senyè a te kòmande pou yon kay bati nan Siyon kote moun pi yo pral wè Bondye, **D&A** 97:10–17. Sa se Siyon—moun ki gen kè pi yo, **D&A** 97:21.

Piblikan. *Gade tou nan* Wayòm Women yo

Nan Wòm ansyen an, yon kolektè taks pou gouvènman an. Jeneralman Juif yo te rayi piblikan yo. Kèk piblikan te aksepté levanjil la byen vit (Mat. 9:9–10; Lik 19:2–8).

Pilat, Pons

Yon gouvènè Women nan Jideya, 26–36 APRE JEZIKRI (Lik 3:1). Li te rayi Juif yo ak relijyon yo, epi omwen, li te touye kèk Galileyen (Lik 13:1). Yo te akize Jezi epi yo te kondane l pou yo krisifye l devan Pilat (Mat. 27:2, 11–26, 58–66; Mak 15; Lik 23; Jan 18:28–19:38).

Pinisyon kapital. *Gade tou nan* Ansasen

Pinisyon lanmò pou yon krim yon moun komèt, li asosye espesyalman avèk pinisyon pou ansasen.

Nenpòt moun ki koule san moun, se moun k ap koule san l tou, **Jen.** 9:6 (TJS, Jen. 9:12–13). Ansasen an dwe pase kanmèm anba lanmò, **Nonb** 35:16.

Ansasen ki touye moun san okenn rezon ap mouri, **2 Ne.** 9:35. Ou kondane pou w mouri daprè lalwa a, **Alma** 1:13–14. Yon moun ki te ansasinen moun, te pase anba lanmò, **Alma** 1:18. Lalwa a egzije lavi yon moun ki te komèt ansasen, **Alma** 34:12.

Yon moun ki touye, l ap mouri, **D&A** 42:19.

Pitit Bondye yo. *Gade nan* Lèzòm, lòm; Pitit gason ak pitit fi Bondye

Pitit gason ak pitit fi Bondye. *Gade tou nan* Ekspyasyon, ekspye; Fèt ankò, fèt nan Bondye; Lèzòm, lòm; Pitit Kris yo; Pitit literal

Ekrityo yo itilize pawòl sa yo nan de

fason. Nan yon sans nou tout se pitit espirityèl literal Papa nou ki nan Syèl. Nan yon lòt sans, pitit gason ak pitit fi Bondye yo se moun ki te fèt ankò akòz Ekspyasyon Kris la.

Pitit lespri Papa a: Ou se bondye, pitit Bondye Ki Pi Wo a, **Sòm** 82:6.

Nou se desandan Bondye, **Tra.** 17:29. Soumèt devan Papa lespri yo, **Ebre** 12:9.

M se yon pitit gason Bondye, **Moyiz** 1:13.

Pitit ki fèt ankò akòz Ekspyasyon an: Tout moun ki te resevwa l, li te ba yo pouvwva pou yo tounen pitit Bondye, **Jan** 1:12 (Wom. 8:14; 3 Ne. 9:17; D&A 11:30). Kounyeya, èske nou se pitit Bondye, **1 Jn.** 3:1–2.

Yo pral rele w pitit Kris la, pitit gason ak pitit fi l yo, **Mozya** 5:7. Tout moun dwe fèt ankò, vin tounen pitit gason ak pitit fi l yo, **Mozya** 27:25. Yo pral tounen pitit gason ak pitit fi m yo, **Etè** 3:14. Sètènman, ou pral vin tounen yon pitit Kris la, **Mowo**. 7:19.

Tout moun ki resevwa levanjil mwen an yo se pitit gason ak pitit fi, **D&A** 25:1. Yo se bondye, pitit Bondye menm, **D&A** 76:58.

Konsa, se pou yo tout vin tounen pitit mwen, **Moyiz** 6:68. Anpil te kwè epi yo te vin tounen pitit Bondye, **Moyiz** 7:1.

Pitit gason Bondye. *Gade nan* Bondye, Divinite; Jezikri

Pitit gason Elaman yo. *Gade nan* Elaman, pitit gason yo

Pitit gason lòm nan. *Gade tou nan* Bondye, Divinite; Jezikri

Yon tit Jezikri itilize lè l ap pale konsènan tèt pa l (Lik 9:22; Lik 21:36). Li vledi Pitit Gason Lòm Sentete a. Lòm Sentete a se youn nan non Papa Bondye. Lè Jezi te lonnen tèt Li Pitit Gason Lòm Nan, se te yon deklarasyon klè konsènan relasyon diven Li avèk Papa a. Nou jwenn tit sa a souvan nan Levanjil yo. Revelasyon dènye jou yo konfime siyifikasyon espesyal epi sakre non Sovè a (D&A 45:39; 49:6, 22; 58:65; Moyiz 6:57).

Pitit gason Mozya yo

Pitit gason Mozya yo. *Gade nan* Mozya, pitit gason yo

Pitit Izrayèl yo. *Gade nan* Izrayèl

Pitit Kris yo. *Gade tou nan* Fèt ankò, fèt nan Bondye; Jezikri; Pitit gason ak pitit fi Bondye; Pitit literal

Moun ki aksepte levanjil Jezikri a.

Nenpòt moun ki imilye tèt li tankou timoun piti sa a, li se pi gran an, **Mat.** 18:1–4. Kwè nan limyè a pou w kapab vin tounen pitit limyè a, **Jan** 12:36.

Wete moun natirèl la sou ou epi vin tankou yon timoun, **Mozya** 3:19; 27:25–26. Poutèt alyans la y ap rele w pitit Kris yo, **Mozya** 5:7. Si w anbrase tout bagay ki bon, w ap vin tounen yon pitit Kris la sètènman, **Mowo.** 7:19.

Tout moun ki resevwa m, m te ba yo pouvwa pou yo tounen pitit mwen, **D&A** 39:4. Pa pè, ti pitit mwen yo, paske se pou mwen w ye, **D&A** 50:40–41.

Ou se youn nan mwen, yon pitit gason Bondye, **Moyiz** 6:68.

Pitit literal. *Gade tou nan* Fèt ankò, fèt nan Bondye; Pitit gason ak pitit fi Bondye; Pitit Kris yo; Sèl pitit literal

Fèt. Fèt vledi bay nesans oubyen pwokreye. Nan ekriti yo, mo sa yo itilize souvan pou di yon moun fèt nan Bondye. Byenke Jezikri se sèl pitit literal Papa a te fè pou lavi mòtèl la, tout moun ki fèt nan Kris la esprityèlman si yo aksepte L, si yo obeyi kòmandman L yo, epi si yo vin tounen yon moun nouvo avèk pouvwa Sentespri a.

Jodi a m fè w, **Sòm** 2:7 (Tra. 13:33; Ebre 1:5–6; 5:5).

Glwa li sete Sèl Pitit Literal Papa a, **Jan** 1:14 (2 Ne. 25:12; Alma 12:33–34; **D&A** 76:23). Bondye te tèlman renmen mond la li te bay Sèl Pitit Gason Literal li a, **Jan** 3:16 (**D&A** 20:21).

Kris te fè pèp li a esprityèlman, **Mozya** 5:7.

Moun ki fèt nan Senyè a, se Legliz Premyene a, **D&A** 93:22.

Pitit pèdisyon yo. *Gade tou nan* Danasyon, dane; Dyab; Lanfè; Lanmò esprityèl; Peche enpadonab

Disip Satan yo ki pral soufri avèk li pou letènite. Pitit pèdisyon gen ladan yo (1) moun ki te suiv Satan yo epi syèl la te chase mete deyò poutèt rebelyon pandan premòtalite a epi (2) moun ki te gen pèmision pou fèt nan mond sa a avèk yon kò fizik epi ki sèvi Satan apre sa epi ki vire do konplètman bay Bondye. Moun ki nan dezyèm gwoup sa a, yo pral resisite pami mò yo, men yo p ap rachte anba dezyèm lanmò a (esprityèl) epi yo pa kapab rete nan yon wayòm ki gen glwa (**D&A** 88:32, 35).

Youn ladan yo pa pèdi eksepte pitit pèdisyon an, **Jan** 17:12. Li enposib pou renouvle yo nan repantans ankò, **Ebre** 6:4–6 (Ebre 10:26–29).

Mizèrikòd pa gen okenn dwa sou nonm sa a epi kondanasyon final li se touman enfini, **Mozya** 2:36–39. Pou li, se kòm si okenn redanmsyon pa t fèt, **Mozya** 16:5. Moun ki nye mirak Kris yo pou yo kapab fè pwofi, y ap vin tounen menm jan avèk pitit pèdisyon an, **3 Ne.** 29:7.

Yo p ap resevwa padon nan mond sa a, ni nan mond apre a, **D&A** 76:30–34 (**D&A** 84:41; 132:27). Yo se sèl moun ki p ap rachte anba dezyèm lanmò a, **D&A** 76:34–48. Pitit pèdisyon yo nye Lespri Sen an apre yo resevwa l, **D&A** 76:35. Pitit pèdisyon yo nye Pitit Gason an apre Papa a revele yo li, **D&A** 76:43.

Kayen pral pote non Pèdisyon, **Moyiz** 5:22–26.

Plak. *Gade tou nan* Liv Mòmou; Plak lò yo

Nan tan lontan, kèk sivilizasyon te ekri istwa yo epi yo te ekri yo sou plak metal, menm jan avèk ka Liv Mòmou an. Pou plis enfòmasyon, gade nan “Yon Esplikasyon brèf konsènan Liv Mòmou an” nan paj entwodiksyon Liv Mòmou an.

Plak deren. *Gade tou nan* Plak

Yon rejis Juif yo depi nan 600 ANVAN JEZIKRI, ki gen anpil ekriti pwofèt yo

(1 Ne. 5:10–16). Se yon Juif pami ansyen Jerizalèm yo, Laban, ki te kenbe rejis sa a. Pandan Leyi ak fanmi l te nan dezè a, Leyi te voye pitit gason l yo retounen Jerizalèm pou yo jwenn rejis sa a (1 Ne. 3–4). (Pou plis enfòmasyon, gade “Yon Esplikasyon kout konsènan Liv Mòmou an,” ki nan Liv Mòmou an.)

Plak lò yo. *Gade tou nan* Liv Mòmou; Plak

Yon regis ki te ekri sou plak lò. Li rakonte de gran sivilizasyon nan kontinan Ameriken an. Joseph Smith te tradui epi li teibliye yon pòsyon nan plak yo. Yo rele tradiksyon sa a Liv Mòmou an. (Pou plis enfòmasyon, gade nan “Entwodiksyon” ak “Temwayaj Pwofèt Joseph Smith la” nan Liv Mòmou an.)

Plan redanmsyon. *Gade tou nan* Chit Adan ak Èv; Ekspyasyon, ekspye; Jezikri; Levanjil; Sali

Plenitid levanjil Jezikri a, te kreye pou l pote imòtalite ak lavi etènèl pou lòm. Li genyen tou Kreyasyon an, Chit la, epi Ekspyasyon an, ansanm avèk tout lwa Bondye yo, òdonans yo, epi doktrin yo. Plan sa a rann li posib pou tout moun kapab vin egzalte pou yo viv avèk Bondye pou tout tan (2 Ne. 2; 9). Ekriti yo fè referans a plan sa a tou kòm plan sali a, plan bonè a, epi plan mizèrikòd la.

Li te blese pou transgresyon nou yo, **Eza.** 53:5 (Mozya 14:5).

Pa gen okenn lòt non anba syèl la ki kapab sove lòm, **Tra.** 4:12. Kòm tout moun mouri nan Adan, se konsa tout moun te vin vivan nan Kris la, **1 Kor.** 15:22. Avèk gras ou sove nan lafwa, **Efe.** 2:8 (2 Ne. 25:23). Bondye te pwomèt lavi etènèl anvan mond lan te kòmanse, **Tit** 1:2. Jezi se otè sali etènèl la, **Ebre** 5:8–9. Plan redanmsyon an te anbrase mò yo, **1 Pyè** 3:18–20; 4:6 (D&A 138).

Lanmò akonpli plan mizèrikòd gran Kreyatè a, **2 Ne.** 9:6. Plan Bondye nou an gran anpil, **2 Ne.** 9:13. Plan redanmsyon an reyalyze rezirèksyon an ak padon peche yo, **Alma** 12:25–34. Aawon te anseye papa Lamoni plan redanmsyon an, **Alma**

22:12–14. Amilèk te esplike plan sali a, **Alma** 34:8–16. Alma te esplike plan sali a, **Alma** 42:5–26, 31.

Doktrin kreyasyon an, tonbe a, ekspyasyon an, epi batèm te gen afimasyon nan revelasyon modèn, **D&A** 20:17–29. Plan an te òdone anvan mond lan, **D&A** 128:22.

Travay mwen ak glwa mwen se pou m reyalyze imòtalite ak lavi etènèl lòm, **Moyiz** 1:39. Se plan sali a pou tout moun, **Moyiz** 6:52–62. Nou pral epwouve yo, **Abr.** 3:22–26.

Plan Sali. *Gade nan* Plan redanmsyon

Planin Familyal. *Gade tou nan* Fanmi; Maryaj, marye

Limite oubyen anpeche nesans, pou kontwole kantite timoun de moun marye kapab fè.

Pwodwi, multipliye epi ranpli tè a, **Jen.** 1:28 (Moyiz 2:28). Timoun se yon eritaj pou Senyè a, **Sòm** 127:3–5.

Fanmi Leyi a te dwe leve jenerasyon pou Senyè a, **1 Ne.** 7:1.

Bondye te òdone maryaj pou Lèzòm, **D&A** 49:15–17. Moun ki egzalte y ap resevwa yon plenitid ak kontinyasyon jenerasyon pou tout tan, **D&A** 132:19, 63.

Poligami. *Gade nan* Maryaj, marye—Maryaj pliral

Pòl. *Gade tou nan* Epit Pòl yo

Yon Apot nan Nouvo Testaman an. Non Ebre Pòl sete Sayil, epi li te pote non l jistan l te kòmanse sèvi misyon l lan pami Janti yo. Anvan sa, li te pèsekite Legliz la, men li te konvèti nan verite Legliz la apre li te fin fè vizyon Jezikri a. Pòl te fè twa vwayaj misyonè prensipal epi li te ekri anpil lèt voye bay Sen yo. Katòz nan lèt sa yo fòme yon pati nan Nouvo Testaman an jodi a. Finalman yo te anprizonne l nan Wòm epi yo te touye l, petèt nan pretan 65 an APRE JEZIKRI.

Li te konsanti pou lapide Etyèn ak kout wòch, **Tra.** 7:57–8:1. Te pèsekite sen yo, **Tra.** 8:3. T ap vwayaje ale Damas lè Jezi te parèt devan l la, **Tra.** 9:1–9. Ananyas te batize l, **Tra.** 9:10–18. Apre l ta l repoze

Pònografi

nan Arabi, te retounen Damas pou l preche, **Tra.** 9:19–25 (Gal. 1:17). Twa ane apre konvèsyon l, li te retounen Jerizalèm, **Tra.** 9:26–30 (Gal. 1:18–19). Te fè twa vwayaj misyonè, pou l preche levanjil la epi pou l òganize branch Legliz la nan plizyè pati nan Wayòm Women an, **Tra.** 13:1–14:26; 15:36–18:22; 18:23–21:15. Lè l te retounen Jerizalèm apre twazyèm misyon l la, yo te arete l epi yo te voye l ale Sezare, **Tra.** 21:7–23:35. Te rete kòm prizonnye nan Sezare pou de zan, **Tra.** 24:1–26:32. Yo te voye l nan Wòm pou jijman epi li te fè nofraj nan wout, **Tra.** 27:1–28:11.

Pònografi. *Gade nan* Adiltè; Chastete; Fònikasyon

Pòv. *Gade tou nan* Antrèd; Enb, imilite; Fè lacharite, lacharite; Jèn, jene; Ofrann

Nan ekriti yo, *pòv* kapab fè moun panse a (1) moun ki san materyèl premye neseseite, tankou manje, rad, ak kote pou yo rete, oubyen (2) moun ki enb epi ki san logèy.

Pòv nan byen materyèl: Ou pa dwe fèmen men w devan pwochen pòv ou, **Det.** 15:7. Mechan ki gen logèy yo pèsèkite pòv yo, **Sòm** 10:2. Yon moun ki bay pòv, li p ap nan neseseite, **Pwov.** 28:27. Mennen pòv yo lakay ou, **Eza.** 58:6–7.

Si w vle vin pafè, bay pòv yo, **Mat.** 19:21 (Mak 10:21; Lik 18:22). Èske Bondye pa t chwazi moun pòv yo nan mond sa a, **Jak** 2:5.

Paske yo rich, yo meprize pòv yo, **2 Ne.** 9:30. Pou w kapab gen padon peche w yo, pataje byen w avèk pòv, **Mozya** 4:26. Yo te pataje byen yo avèk pòv, **Alma** 1:27. Si w ranwaye moun ki nan bezwen yo, priyè w anven, **Alma** 34:28. Nefit yo te gen tout bagay menm jan; pa t gen rich ak pòv, **4 Ne.** 1:3.

Ou dwe sonje pòv yo, **D&A** 42:30 (D&A 52:40). Malè pòv ki pa gen kè dou, **D&A** 56:17–18. Pòv yo pral vini nan maryaj Ti Mouton an, **D&A** 58:6–11. Evèk la chèche pòv yo, **D&A** 84:112. Lwa levanjil la gouvène swen pòv yo, **D&A** 104:17–18.

Pa t gen pòv nan pami yo, **Moyiz** 7:18.

Pòv nan lespri: Moun ki imilye tèt yo san se pa povrete ki oblije yo, yo pi beni, **Alma** 32:4–6, 12–16. Moun ki pòv nan lespri ki vin jwenn mwèn, y ap beni, **3 Ne.** 12:3 (Mat. 5:3).

Pòv yo ak moun dou y ap resevwa predikasyon levanjil la, **D&A** 35:15.

Pouvwa. *Gade tou nan* Otorite; Prètriz

Kapasite pou yon moun fè yon bagay. Gen pouvwa sou yon moun oubyen yon bagay se kapasite pou kontwole oubyen kòmande moun sa a oubyen bagay sa a. Nan ekriti yo, pouvwa konekte souvan avèk pouvwa Bondye oubyen pouvwa syèl la. Li souvan asosye anpil avèk otorite prètriz, ki se pèmision oubyen dwa pou yon moun aji pou Bondye.

Se pou rezon sa m te leve w, pou m montre pouvwa m nan ou, **Egz.** 9:16. Bondye se fòs mwèn ak pouvwa m, **2 Sam.** 22:33. Pa evite byen lè w gen mwayen pou w fè l, **Pwov.** 3:27. Reyèlman m plen pouvwa poutèt lespri Senyè a, **Miche** 3:8.

M te resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a, **Mat.** 28:18. Yo te etone devan doktrin li a: paske pawòl li yo te gen pouvwa, **Lik** 4:32. Rete nan vil la jistan pouvwa syèl la kouvri w, **Lik** 24:49. Tout moun ki resevwa l, li ba yo pouvwa pou yo vin tounen pitit Bondye, **Jan** 1:12 (D&A 11:30). Ou pral resevwa pouvwa, apre Sentespri a vin sou ou, **Tra.** 1:8. Pa gen lòt pouvwa pase pa Bondye a, **Wom.** 13:1. Se pouvwa Bondye a avèk lafwa ki kenbe w nan sali, **1 Pyè** 1:3–5.

Pouvwa Bondye a ranpli m, **1 Ne.** 17:48. Pouvwa Sentespri a te manifeste l ban mwèn, **Jakòb** 7:12. Yon nonm kapab resevwa anpil pouvwa nan men Bondye, **Mozya** 8:16. Yo te anseye avèk pouvwa epi avèk otorite Bondye, **Alma** 17:2–3. Nefi te preche avèk pouvwa epi avèk gran otorite, **3 Ne.** 7:15–20 (3 Ne. 11:19–22).

byenke yon nonm kapab gen pouvwa pou l akonpli gran zèv, si l fè lwanj pou tèt pa l, li dwe tonbe, **D&A** 3:4. Chak moun gen pouvwa pou fè byen an nan limenm, **D&A** 58:27–28. Nan òdonans

Prèttriz Mèlkisedèk la, pouvwa sentete a manifeste, **D&A** 84:19–22. Dwa prèttriz la byen konekte nan pouvwa syèl la, **D&A** 121:34–46.

M ap dirije w avèk men m epi pouvwa m ap sou ou, **Abr.** 1:18.

Pratt, Orson

Youn nan premye Douz Apot yo ki te resevwa apèl apre Retablisman Legliz la nan tan modèn yo (**D&A** 124:128–129). Li te gen sis semèn sèlman kòm manm Legliz la lè Senyè a te bay Joseph Smith yon revelasyon pou li (**D&A** 34). Orson Pratt te yon misyonè pou Legliz la tou (**D&A** 52:26; 75:14) epi li te sèvi kòm istoryen pou Legliz la pandan plizyè ane.

Pratt, Parley Parker

Gran frè Orson Pratt epi youn nan premye Douz Apot yo ki te resevwa apèl apre Retablisman Legliz la nan tan modèn yo (**D&A** 124:128–129). Parley Pratt te resevwa apèl nan premye seri travay misyonè yo, lè Senyè a te bay Joseph Smith yon revelasyon pou li an Oktòb 1830 (**D&A** 32; 50:37)

Preche. *Gade tou nan* Levanjil; Travay misyonè

Bay yon mesaj ki transmèt yon pi bon konpreyansyon konsènan prensip ou-byen doktrin levanjil la.

Senyè a te mete m apa pou m kapab preche moun dou yo bòn nouvèl, **Eza.** 61:1 (Lik 4:16–21). Leve, ale nan Niniv, epi preche ladan l, **Jonas** 3:2–10.

Depi lè sa a Jezi te kòmanse preche, **Mat.** 4:17. Ale nan tout mond lan epi preche tout kreyati levanjil la, **Mak** 16:15. Nou preche konsènan krisifiksyon Kris la, **1 Kor.** 1:22–24. Li te ale preche lespri nan prizon yo, **1 Pyè** 3:19.

Pa t gen anyen eksepte predikasyon epi souke yo kontinyèlman pou fè yo kontinye krent Senyè a, **Enòs** 1:23. Li te kòmande yo pou yo pa t preche anyen eksepte repantans ak lafwa nan Senyè a, **Mozya** 18:20. Predikasyon pawòl la te gen yon gran tandans pou l pouse pèp la fè sa ki jis, **Alma** 31:5.

Premye ne, premyene

Ou pa dwe panse w resevwa apèl pou w preche jistan w resevwa apèl, **D&A** 11:15. Pèsonn p ap gen dwa ale preche san li pa resevwa òdinasyon, **D&A** 42:11. Levanjil sa a pral preche nan tout nasyon, **D&A** 133:37.

Levanjil la te kòmanse preche depi nan kòmansman, **Moyiz** 5:58.

Predestinasyon. *Gade nan*

Preòdinasyon

Premye Fwi

Premye rekòt yo rasanble nan yon sezon. Nan epòk Ansyen Testaman an, yo te ofri Senyè a bagay sa yo (**Lev.** 23:9–20). Jezikri sete premye fwi Bondye paske Li sete premye moun ki te resisite (1 Kor. 15:20, 23; 2 Ne. 2:9). Moun ki aksepte levanjil la epi ki pèsevere jiska lafen, yo se premye fwi yo, nan yon fason senbolik, paske yo pou Bondye.

Moun ki suiv ti Mouton an nenpòt kote li ale, yo se premye fwi pou Bondye, **Apok.** 14:4.

Moun ki pral desann premyèman avèk Kris la, yo se premye fwi yo, **D&A** 88:98.

Premye ne, premyene. *Gade tou nan*

Dwadenès; Jezikri

Nan epòk ansyen patriyach yo, pitit gason premye ne a te resevwa dwadenès la (**Jen.** 43:33) epi konsa li te eritye direksyon fanmi an lè papa a te mouri. Premye ne a te dwe diy pou l te kapab pran responsablite sa a (1 Kwo. 5:1–2) epi li te kapab pèdi dwadenès li pou-tèt enjistis.

Sou lwa Moyiz la, premye pitit gason an te konsidere kòm posesyon Bondye. Premye pitit gason an te resevwa yon doub pòsyon nan byen papa l yo (**Det.** 21:17). Apre lanmò papa l, li te gen responsablite pou l pran swen manman l ak sè l yo.

Premye ne mal bèt yo, pou Bondye tou. Yo te itilize bèt ki pwòp yo pou sakrifis, men yo te kapab sove bèt sal yo, vann yo oubyen touye yo (**Egz.** 13:2, 11–13; 34:19–20; **Lev.** 27:11–13, 26–27).

Premye ne senbolize Jezikri ak ministè

Premye Prensip Levanjil la

terès Li a, ki fè pèp la sonje gran Mesi a te dwe vini (Moyiz 5:4–8; 6:63).

Jezi te premye ne nan pitit lespri Papa Bondye nou yo, li te Sèl Pitit Literal Papa a te fè avèk kò a, epi li te premye moun ki te resisite nan pami mò yo nan Rezirèksyon an (Kol. 1:13–18). Sen fidèl yo vin tounen manm Legliz Premye ne a nan letènite (D&A 93:21–22).

Ou dwe ban mwen premye ne gason w yo, **Egz. 22:29**. M te konsakre tout premye ne nan Izrayèl yo pou mwen, **Nonb 3:13**.

Li kapab premye ne nan pami anpil frè, **Wom. 8:29**. Li mennen premye ne a nan mond lan, **Ebre 1:6**.

Se yo menm ki Legliz Premyene a, **D&A 76:54, 94**.

Zansèt yo te konfere dwa premye ne a menm sou mwen, **Abr. 1:3**.

Premye Prensip Levanjil la. *Gade nan* Batèm, batize; Lafwa; Repantans, repanti; Sentespri

Premye Prezidans. *Gade tou nan* Kle prèttriz la; Prezidan; Revelasyon

Prezidan Legliz la ak Konseye li yo. Yo se yon kowòm twa gran prèt epi yo prezidè sou tout Legliz la. Premye Prezidans la gen tout kle prèttriz la.

Kle wayòm nan toujou pou Prezidans Gran Prèttriz la, **D&A 81:2**. Prezidans Gran Prèttriz la gen dwa pou l okipe nenpòt pozisyon, **D&A 107:9, 22**. Nenpòt moun ki resevwa m, li resevwa Premye Prezidans la, **D&A 112:20, 30**. Premye Prezidans la dwe resevwa revelasyon pou tout Legliz la, **D&A 124:126**.

Premye Vizyon. *Gade tou nan* Retablisman levanjil la; Smith, Joseph, pitit la

Aparisyon Papa Bondye ak Pitit Gason l la, Jezikri, devan Pwofèt Joseph Smith nan yon boskè.

Nan prentan 1820, Joseph Smith, pitit la, te gen katòzan anviwon. Li te rete nan vil Palmyra ki nan New York la avèk fanmi l. Nan yon ti distans, bò lwès kay fanmi an te gen yon forè gwo

pyebwa. Joseph te ale nan kote sa a pou l priye Bondye pou l kapab aprann ki legliz ki te vrè. Pandan li t ap li Bib la li te santi li dwe chèche repons sa a nan men Bondye (Jak 1:5–6). Kòm yon repons pou priyè li a, Papa a ak Pitit Gason an te parèt devan l epi yo te di l pou l pa t ale nan youn nan legliz yo ki te sou tè a, paske yo tout te nan manti (1—JS 1:15–20). Eksperyans sakre sa a te kòmansman yon seri evènman ki ta pral mennen Retablisman levanjil la ak vrè Legliz Kris la.

Prensip. *Gade tou nan* Levanjil

Yon doktrin prensipal, verite, oubyen lwa. Premye prensip levanjil yo se lafwa nan Senyè a, Jezikri, ak repantans (AL 1:4).

San abandone prensip doktrin Kris la, an nou ale nan pèfeksyon, **TJS, Ebre 6:1**.

Ansyen yo, prèt yo, ak enstriktè yo dwe anseye prensip levanjil mwen yo, ki nan ekriti yo, **D&A 42:12**. Enstwi tèt ou plis pafètman nan prensip, nan doktrin, nan tout bagay, **D&A 88:78 (D&A 97:14)**. Chak moun kapab aji avèk doktrin epi avèk prensip dapre lib abit moral m te ba yo, **D&A 101:78**. Nenpòt prensip entèlijans nou aprann nan lavi sa a, l ap leve avèk nou nan rezirèksyon an, **D&A 130:18–19**.

Preòdinasyon. *Gade tou nan* Lavi premòtèl

Preòdinasyon Bondye te fè pou pitit lespri l ki te vanyan yo kapab akonpli kèk misyon pandan lavi mòtèl yo.

Bondye te tabli limit pèp la, **Det. 32:8**. Anvan m te fòmè w nan vant m te òdone w kòm pwofèt, **Jer. 1:5**.

Bondye te detèmine tan li te tabli a, **Tra. 17:26**. Paske moun li te konnen anvan yo li te predestine, **Wom. 8:28–30**. Li te chwazi nou nan limenm anvan fondasyon mond lan, **Efe. 1:3–4**. Jezikri te preòdone kòm Redanmtè a, **1 Pyè 1:19–20 (Apok. 13:8)**.

Yo te resevwa apèl epi yo te prepare depi nan fondasyon mond lan, **Alma 13:1–9**.

M te remake gwo mesye nòb ki te chwazi depi nan kòmansman yo, **D&A** 138:55–56.

M te kontanple nòb yo ak gran yo ki te chwazi nan kòmansman an, **Moyiz** 4:2. Abraram te chwazi anvan l te fèt, **Abr.** 3:23.

Prezidan. *Gade tou nan* Premye Prezidans; Pwofèt

Yon tit pou ofisyè ki prezide yon òganizasyon. Prezidan Legliz la se yon pwofèt, vwayan, epi yon revelatè (**D&A** 21:1; 107:91–92), epi manm Legliz yo dwe rele pwofèt Legliz la nan tit “Prezidan” (**D&A** 107:65). Li se sèl moun sou tè a ki otorize pou l egzèse tout kle prèttriz yo.

Tèt kowòm prèttriz yo ak lòt òganizasyon yo ki nan Legliz la kapab pote non prezidan tou.

Senyè a te bay Joseph Smith kle wazyòm nan, **D&A** 81:1–2. Twa prezidan fòme yon kowòm Prezidans nan Legliz la, **D&A** 107:21–24. Prezidan yo te resevwa òdinasyon dapre grad Mèlkisedèk la, **D&A** 107:29. Devwa prezidan dyak yo, enstriktè yo, prèt yo, ak ansyen yo dekri, **D&A** 107:85–89 (**D&A** 124:136–138, 142). Gen sèt prezidan sou tè tout lòt Swasanndis yo, **D&A** 107:93–95. Prezidan pawas yo te lonmen, **D&A** 124:133–135.

Prezidans. *Gade nan* Premye Prezidans

Prèt, prèttriz Aawon. *Gade tou nan* Aawon, frè Moyiz la; Gran prèt; Prèttriz Aawon an

Yon ofis nan Prèttriz Aawon. Nan ansyen tan, se te sèlman Aawon ak desandan l yo ki te konn gen pi gran ofis nan Prèttriz Levitik la. Lè Kris la te akonpli lwa Moyiz la, restriksyon sa a te efase.

Devwa prèt nan Legliz retabli a dekri, **D&A** 20:46–52.

Prèt, prèttriz Mèlkisedèk. *Gade tou nan* Gran prèt; Prèttriz Mèlkisedèk

Yon moun ki akonpli rit pou lòt moun epi pou Bondye. Souvan nan ekriti yo,

prèt yo se gran prèt dapre lòd Mèlkisedèk la (**Alma** 13:2). Moun ki resevwa yon glwa toutantye Bondye apre Rezirèksyon an, yo vin tounen prèt ak wa nan mond selès la.

Mèlkisedèk te yon prèt Bondye Ki Pi Wo a, **Jen.** 14:18. Ou se yon prèt pou tout tan dapre grad Mèlkisedèk la, **Sòm** 110:4 (**Ebre** 5:6; 7:17, 21).

Kris la te fè nou tounen wa ak prèt pou Bondye epi pou Papa l, **Apok.** 1:6 (**Apok.** 5:10; 20:6).

Sonje, Senyè Bondye a òdone prèt dapre grad sen pa li, **Alma** 13:1–20.

Moun ki leve nan rezirèksyon jis yo, yo se prèt ak wa, **D&A** 76:50, 55–60.

Prèttriz. *Gade tou nan* Kle prèttriz la; Òdinasyon, òdone; Otorite; Pouvwa; Prèttriz Aawon an; Prèttriz Mèlkisedèk; Sèman ak alyans prèttriz la

Otorite ak pouvwa Bondye bay lòm pou yo aji nan tout bagay pou sali lòm (**D&A** 50:26–27). Manm gason nan Legliz la ki gen prèttriz la, yo òganize nan plizyè kowòm epi yo resevwa otorizasyon pou yo fè òdonans ak kèk lòt fonksyon nan Legliz la.

Onksyon yo ap asireman yon prèttriz etènèl, **Egz.** 40:15 (**Nonb** 25:13).

M te òdone w, **Jan** 15:16. Ou te bati kòm yon kay espirityèl, yon prèttriz sen, **1 Pyè** 2:5. Ou se yon jenerasyon chwazi, yon prèttriz wayal, **1 Pyè** 2:9 (**Egz.** 19:6).

Lèzòm resevwa apèl kòm gran prèt poutèt gwo lafwa yo ak bon zèv yo, **Alma** 13:1–12. M ba w pouvwa pou w batize, **3 Ne.** 11:21. W ap gen pouvwa pou w bay moun Sentespri a, **Mowo.** 2:2.

M pral revele w prèttriz la, anba men Eli, **D&A** 2:1 (1—**JS** 1:38). Senyè a te konfime yon prèttriz sou Aawon ak desandan l yo tou, **D&A** 84:18. Pi gran prèttriz sa administre levanjil la, **D&A** 84:19. Li te wete Moyiz ak Prèttriz Sen an nan pami yo, **D&A** 84:25. Sèman ak alyans prèttriz la dekri, **D&A** 84:33–42. Prèttriz la kontinye nan liyaj zansèt ou yo, **D&A** 86:8. Gen de prèttriz nan Legliz la, **D&A** 107:1. Premye prèttriz la se

Prètriz, Kle

Prètriz Sen an, dapre Lòd Pitit Gason Bondye a, **D&A** 107:2-4. Dwa prètriz la byen konekte avèk pouvw a syèl la, **D&A** 121:36. Okenn pouvw oubyen enfliyans pa kapab nipa ta dwe egzèse pa mwayen prètriz la eksepte pou pèsyade epi avèk amou enfayib, **D&A** 121:41. Tout gason diy nan Legliz la ki fidèl, kapab resevwa prètriz la, **DO** 2.

Nou kwè yon moun dwe resevwa apèl nan men Bondye, **AL** 1:5.

Prètriz, Kle. *Gade nan* Kle prètriz la

Prètriz Aawon an. *Gade tou nan*

Aawon, frè Moyiz la; Lwa Moyiz; Prètriz

Prètriz ki pi piti a (Ebre 7:11-12; **D&A** 107:13-14). Ofis li yo se evèk, prèt, ens-triktè, ak dyak (**D&A** 84:30; 107:10, 14-15, 87-88). Nan tan lontan an, sou lwa Moyiz la, te gen gran prèt, prèt, ak Levit. Paske ansyen Izrayelit yo te rebele kont Bondye, yo te retire Moyiz ak prètriz sen an nan men yo epi prètriz ki pi piti a te kontinye. Yo te refize sanntifye yo pou yo resevwa Prètriz Mèlkisedèk la ak òdonans li yo. (Gade **D&A** 84:23-26.) Prètriz Aawon an responsab òdonans tanporèl ak eksteryèl la ak levanjil la (1 Kwo. 23:27-32; **D&A** 84:26-27; 107:20). Li gen kle pou ministè zanj yo, pou levanjil repantans lan ak batèm nan (**D&A** 13). Prètriz Aawon an te retabli sou tè a nan dispansasyon sa a nan 15 Me 1829. Janbatis te konfere l sou Joseph Smith ak Oliver Cowdery tou pre Harmony, Pennsylvania (**D&A** 13; I—**JS** 1:68-73).

Epi l ap gen alyans yon prètriz etènèl, **Nonb** 25:13. Senyè a ap pirifye pitit Levi yo, epi l ap netwaye je yo, **Mal.** 3:3 (3 Ne. 24:3).

Pèsonn pa kapab pran onè sa a pou tèt pa l, **Ebre** 5:4. Prètriz Levitik la pa pote pèfeksyon, **Ebre** 7:11.

Prètriz sa a p ap janm soti sou tè a jiskaske pitit gason Levi yo fè yon ofran, **D&A** 13. Joseph Smith ak Oliver Cowdery te resevwa òdonans nan prètriz Aawon an, **D&A** 27:8. Prètriz ki pi piti a gen kle ministè zanj yo, **D&A** 84:26 (**D&A**

13). Gen de prètriz, ki rele, Mèlkisedèk ak Aawon, **D&A** 107:1. Dezyèm prètriz la rele Prètriz Aawon, **D&A** 107:13.

Prètriz Levitik. *Gade nan* Prètriz Aawon an

Prètriz Mèlkisedèk. *Gade tou nan* Ansyen, Èldè; Mèlkisedèk; Prètriz

Prètriz Mèlkisedèk se pi prètriz ki pi wo a oubyen pi gwo prètriz la; Prètriz Aawon se prètriz ki pi ba a. Prètriz Mèlkisedèk gen kle benediksyon espirityèl legliz la. Pa lantremiz òdonans pi wo prètriz yo pouvw divinite a vin nan men lè-zòm (**D&A** 84:18-25; 107:18-21).

Bondye te revele Adan prètriz ki pi wo sa a. Patriyach yo ak pwofèt yo nan chak dispansasyon te gen otorite sa a (**D&A** 84:6-17). Anvan, li te rele Prètriz Sen an, dapre lòd Pitit Bondye a. Pita li te vin rele Prètriz Mèlkisedèk (**D&A** 107:2-4).

Lè pitit Izrayèl yo pa t respekte kontra ak alyans Prètriz Mèlkisedèk la, Senyè a te retire lwa ki pi wo a epi li te bay yo prètriz ki pi ba a ak lalwa ki pi ba a (**D&A** 84:23-26). Sa yo te rele Prètriz Aawon ak lalwa Moyiz. Lè Jezi te vin sou tè a, Li te retabli Prètriz Mèlkisedèk la pou juif yo epi li kòmanse bati legliz la nan mitan yo. Men prètriz ak legliz la te pèdi akòz apostazi a. Pita yo te vin retabli pa mwayen Joseph Smith, pitit la (**D&A** 27:12-13; 128:20; I—**JS** 1:73).

Nan Prètriz Mèlkisedèk la genyen ofis ansyen, gran prèt, patriyach, Swasann-dis, ak Apot (**D&A** 107). Prètriz Mèlkisedèk la ap toujou yon pati nan wayòm Bondye sou tè a.

Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo se prezidan gwo oubyen Prètriz Mèlkisedèk la, epi li kenbe tout kle ki fè pati wayòm Bondye sou tè a. Apèl prezidan an se yon sèl moun ki genyen l alafwa, epi li se sèl moun sou tè a ki otorize pou egzèse tout kle prètriz yo (**D&A** 107:64-67; 132:7)

Kris ap prèt pou toutan dapre lòd Mèlkisedèk, **Sòm** 110:4 (Ebre 5:6, 10; 7:11).

Prètriz Mèlkisedèk la administre levanjil la, **Ebre** 7 (**D&A** 84:18-25).

Mèlkisedèk te egzèsè lafwa puisan epi l te resevwa ofis prèttriz wo a, **Alma** 13:18.

Prèttriz Mèlkisedèk te konfere bay Joseph Smith ak Oliver Cowdery, **D&A** 27:12–13 (I—JS 1:72). Moun resevwa Prèttriz sa a pa mwayen sèman ak alyans, **D&A** 84:33–42. Genyen de divizyon oubyen gran tèt, prèttriz Mèlkisedèk ak Aawon, **D&A** 107:6. Prèttriz Mèlkisedèk gen dwa pou administre tout benediksyon espiritiyèl yo, **D&A** 107:8–18. Moyiz, Elyas, Eli te bay Joseph Smith ak Oliver Cowdery kle prèttriz yo, **D&A** 110:11–16. Kounyeya mwen ba w ofisye yo ki fè pati prèttriz mwen an, pou w ka gen kle l, **D&A** 124:123.

Priyè. *Gade tou nan* Adorasyon; Amèn; Mande; Medite

Yon kominikasyon reveran avèk Bondye kote yon moun remèsye epi mande benediksyon. Nou adrese priyè nou bay Papa nou ki nan Syèl la nan non Jezikri. Priyè kapab fèt fò oubyen an silans. Panse yon moun kapab konsidere kòm priyè tou, si yo panche sou bondye. Chan moun jis yo kapab yon priyè devan Bondye (**D&A** 25:12).

Bi priyè a se pa pou l chanje volonte Bondye, men se pou l asire benediksyon Bondye te deja vle ba nou ak lòt moun, men nou dwe mande l pou nou kapab jwenn.

Nou priye Papa a nan non Kris la (Jan 14:13–14; 16:23–24). Nou reyèlman kapab priye nan non Kris la lè volonte nou se volonte Kris la (Jan 15:7; **D&A** 46:30). Konsa nou mande bagay ki jis epi ki posib pou Bondye ban nou (3 Ne. 18:20). Kèk priyè rete san repons paske yo pa reprezante volonte Kris la nan okenn fason, men okontrè yo montre kòman lòm egoyis (Jak 4:3; **D&A** 46:9). Reyèlman si nou mande Bondye pou bagay ki pa jis, l ap tounen pou kondanasyon nou (**D&A** 88:65).

Aprè sa lèzòm te kòmanse rele non Senyè a, **Jen.** 4:26. Nan plas lotèl la, Abaram te rele non Senyè a, **Jen.** 13:4. Sèvitè Abaram nan te priye pou èd pou l te kapab jwen yon madanm pou Izarak,

Jen. 24:10–19. Bondye defann mwen sispann priye pou ou pou m pa peche kont Senyè a, **1 Sam.** 12:23. Senyè a tandè priyè moun jis yo, **Pwov.** 15:29. W ap jwenn mwen, lè w chèche m avèk tout kè w, **Jer.** 29:12–13.

Priye pou moun ki itilize w avèk rayiman, **Mat.** 5:44 (Lik 6:28; 3 Ne. 12:44). Priye Papa w ki nan sekre, **Mat.** 6:5–8 (3 Ne. 13:5–8). Se konsa ou dwe priye, **Mat.** 6:9–13 (Lik 11:2; 3 Ne. 13:9). Mandè epi w ap resevwa, **Mat.** 7:7 (3 Ne. 14:7; **D&A** 4:7; 6:5; 66:9). Jezi te monte sou yon mòn apa pou l priye, **Mat.** 14:23. Veye epi priye pou w pa tonbe nan tantasyon, **Mat.** 26:41 (Mak 14:38; 3 Ne. 18:15–18; **D&A** 31:12). Li dwe mande avèk lafwa, san doute anyen, **Jak** 1:5–6 (**D&A** 42:68; 46:7). Priyè yon moun jis konte anpil, **Jak** 5:16.

Koute Lespri ki anseye yon moun pou l priye a, **2 Ne.** 32:8–9. M te kriye nan pye l avèk gran priyè, **Enòs** 1:4. M te jene epi m te priye pandan anpil jou, **Alma** 5:45–46 (**Alma** 26:22). Yo te livre tèt yo nan anpil priyè ak jèn, **Alma** 17:3. Èske w sonje sa Zenòs te di konsènan priyè ak adorasyon, **Alma** 33:3. Imilye fèt ou epi kontinye priye, **Alma** 34:18–27. Pran konsèy nan men Bondye nan tout sa w ap fè, **Alma** 37:37. Ou dwe toujou priye Papa a nan non m, **3 Ne.** 18:19–20. Priye nan fanmi w, **3 Ne.** 18:21. Jezi te priye Papa a, **3 Ne.** 19:31–34 (Jan 17; 3 Ne. 18:16). Li te kòmande yo pou yo pa t sispann priye nan kè yo, **3 Ne.** 20:1. Si li priye san bon entansyon nan kè l, sa pa sèvi l anyen, **Mowo.** 7:6–9.

Pa mande sa w pa dwe mande, **D&A** 8:10. Priye tout tan, pou w kapab gen viktwa, **D&A** 10:5. M kòmande w pou w priye vokalman epi nan kè w tou, **D&A** 19:28. W ap resevwa Lespri a nan priyè ki gen lafwa, **D&A** 42:14. Ale nan kay priyè a epi ofri sentsèn ou yo, **D&A** 59:9 (**Mat.** 21:13). Paran ou dwe anseye pitit yo priye, **D&A** 68:28. Senyè Bondye yo a te lan pou l koute priyè yo, **D&A** 101:7–8 (**Mozya** 21:15). Ou dwe enb, epi Senyè Bondye ou la ap reponn priyè w yo, **D&A** 112:10.

Priyè Senyè a

Adan te resewva kòmandman pou l rele non bondye nan non Pitit Gason l la, **Moyiz** 5:8. Papa a ak Pitit Gason an te parèt devan Joseph Smith kòm repons pou priyè l yo, **I—JS** 1:11–20.

Priyè Senyè a. *Gade tou nan Priyè*

Yon priyè Sovè te ofri pou disip Li yo, priyè sa a sèvi kòm modèl pou tout priyè (Mat. 6:9–13; 3 Ne. 13:9–13).

Prizon Liberty a, Missouri (Etazini

Damerik). *Gade tou nan Smith, Joseph, pitit la*

Yon ti prizon kote yo te anprizone Pwofèt Joseph Smith ak lòt moun san rezon depi Novanm 1838 jis nan Avril 1839. Pandan l te nan sitiyasyon difisil sa yo, Joseph te resewva revelasyon, li te pwofetize, epi li te enspire pou l ekri yon lèt enpòtan bay Sen yo, nou jwenn kèk pati ladann nan Doktrin ak Alyans 121–123.

Pwofanasyon. *Gade tou nan Blasfèm, blasfeme*

Mank respè pou bagay sakre; espesyalman, mank reverans pou non Bondye.

Ou pa dwe pran non Senyè Bondye w la anven, **Egz.** 20:7 (2 Ne. 26:32; Mozya 13:15; D&A 136:21). Poukisa nou pwofane alyans zansèt nou yo, **Mal.** 2:10.

Chak move pawòl lèzòm pale, y ap rann kont pou sa nan jijman an, **Mat.** 12:34–37. Nan menm bouch la benediksyon ak malediksyon soti, sa pa dwe fèt, **Jak** 3:10.

Pawòl nou yo pral kondane nou, **Alma** 12:14 (Mozya 4:30).

Se pou tout moun fè atansyon konsènan ki jan yo site non m nan bouch yo, **D&A** 63:61–62.

Pwofesi, pwofetize. *Gade tou nan Pwofèt; Pwofetès; Revelasyon; Vwayan*

Yon pwofesi gen pawòl Bondye enspire oubyen ekriti yon moun resewva nan revelasyon nan men Sentespri a. temwayaj Jezi a se lespri pwofesi (Apok. 19:10). Yon pwofesi kapab baze sou pase, prezan, oubyen lavni. Lè yon moun

pwofetize, li pale oubyen ekri sa Bondye vle l konnen, pou byen tèt pa l oubyen pou byen lòt moun. Moun kapab resewva pwofesi oubyen revelasyon pou lavi pa yo.

Si se te pou Bondye tout pèp Senyè a yo ta pwofèt, **Nonb** 11:29. Pitit gason w ak pitit fi w yo pral pwofetize, **Jowèl** 2:28 (Tra. 2:17–18). Li revele sekrè li yo bay sèvitè l yo, pwofèt yo, **Amòs** 3:7.

Pa gen okenn pwofesi nan ekriti yo ki la pou entèpretasyon prive, **2 Pyè** 1:20.

Nefit yo te gen anpil revelasyon ak lespri pwofesi a, **Jakòb** 4:6, 13. Alma ak Amilèk te konnen entansyon ki nan kè Zizwòm avèk èd lespri pwofesi a, **Alma** 12:7. Malè yon moun ki di konsa Senyè a pa fè pwofesi ankò, **3 Ne.** 29:6. Etidye pwofesi Ezayi yo, **Mòm.** 8:23.

Tout pwofesi yo dwe akonpli, **D&A** 1:37–38.

Bondye dwe apale lòm avèk pwofesi, **AL** 1:5.

Pwofetès. *Gade tou nan Pwofesi, pwofetize*

Yon fi ki te resewva yon temwayaj konsènan Jezi epi benefisyè lespri revelasyon an. Yon pwofetès pa gen prèttriz la oubyen kle prèttriz yo. Byenke sèlman kèk fi nan ekriti yo pote non pwofetès, te gen anpil ki te pwofetize, tèlke Rebeka, An, Elizabèt, epi Mari.

Mari te pote non pwofetès, **Egz.** 15:20. Debora te pote non pwofetès, **Jij** 4:4. Oulda te pote non pwofetès, **2 Wa** 22:14 (2 Kwo. 34:22).

An te pote non pwofetès, **Lik** 2:36.

Pwofèt. *Gade tou nan Prezidan; Pwofesi, pwofetize; Revelasyon; Vwayan*

Yon moun Bondye te apale epi ki pale pou Bondye. Kòm yon mesaj Bondye, yon pwofèt resewva kòmandman, pwofesi ak revelasyon nan men Bondye. Responsablite l se pou l fè limanite konnen volonte ak vrè karaktè Bondye epi pou l montre yo siyifikasyon relasyon L avèk yo. Yon pwofèt denonse peche epi li predi konsekans yo. Li se yon predikatè

jistis. Okazyonèlman, pwofèt yo kapab enspire pou yo predi lavni pou benefis limanite. Sepandan, responsablite prensipal li, se pou l rann temwayaj konsènan Kris la. Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo se pwofèt Bondye ki sou tè a jodi a. Moun sipòte manm yo ki nan Premye Prezidans la ak Douz Apot yo kòm pwofèt, vwayan, ak revelatè.

Si se te pou Bondye tout pèp Senyè a yo ta pwofèt, **Nonb** 11:29. Si gen yon pwofèt, mwenmenm Senyè a, m ap fè l konnen m nan yon vizyon, **Nonb** 12:6. Senyè a te itilize tout pwofèt yo pou l temwaye kont Izrayèl, **2 Wa** 17:13 (2 Kwo. 36:15–16; Jer. 7:25). M te òdone w kòm yon pwofèt pou nasyon yo, **Jer.** 1:5, 7. Li revele sekrè li bay sevètè l yo, pwofèt yo, **Amòs** 3:7.

Li pale avèk bouch pwofèt sen l yo, **Lik** 1:70 (Tra. 3:21). Tout pwofèt yo te temwaye konsènan Kris la, **Tra.** 10:43. Bondye te tabli pwofèt nan legliz la, **1 Kor.** 12:28 (Efe. 4:11). Legliz la bati sou fondasyon Apot ak pwofèt, **Efe.** 2:19–20.

Pèp la te rejte pawòl pwofèt yo, **1 Ne.** 3:17–18 (2 Ne. 26:3). Lespri a fè pwofèt yo konnen tout bagay, **1 Ne.** 22:1–2. Kris la te vizite Nefit yo pou l akonpli tout sa li te pale nan bouch pwofèt sen l yo, **3 Ne.** 1:13 (D&A 42:39).

Moun ki pa koute pawòl pwofèt yo pral rejte, **D&A** 1:14. Moun ki kwè pawòl pwofèt yo gen lavi etènèl, **D&A** 20:26. Ou dwe resevwa pawòl pwofèt yo kòm si yo te soti nan bouch pa m, **D&A** 21:4–6. Revelasyon ak kòmandman pou Legliz la vini sèlman nan moun ki te chwazi a, **D&A** 43:1–7. Devwa prezidan an se pou l prezide sou tè tout Legliz la epi pou l tankou Moyiz, pou l yon pwofèt, **D&A** 107:91–92.

Nou kwè nan pwofèt, **AL** 1:6.

Pwokirasyon, Pa. *Gade nan* Òdonans yo—Òdonans pa pwokirasyon; Sali pou mò

Pwotèj

Yon kouvèti moun mete pou pwoteje kò yo kont frap oubyen kout zam. Mo a

itilize tou pou esplike karaktè espiritiyèl ki pwoteje yon moun anba tantasyon oubyen mal.

Abiye ou avèk tout kiras Bondye a, **Efe.** 6:10–18 (D&A 27:15–18).

Pwovèb

Yon dikton moral brèf oubyen yon konsèy.

Liv Pwovèb la: Yon liv nan Ansyen Testaman an ki gen anpil parabòl, dikton, ak powèm. Salomon te ekri kèk ladan yo. Souvan yo site liv Pwovèb la nan Nouvo Testaman an.

Chapit 1–9 gen yon esplikasyon konsènan vrè sa jès. Chapit 10–24 gen yon koleksyon dikton konsènan bon ak move fason yon moun kapab viv. Chapit 25–29 gen pwovèb Salomon yo moun Ezekyas yo, wa Jida a te anrejistre. Chapit 30–31 gen deskripsyon yon fi ki gen vèti.

Pwòp ak malpwòp. *Gade tou nan* Lwa Moyiz; Pi, pite; Sal, salte

Nan Ansyen Testaman an, Senyè a te fè Moyiz ak ansyen Izrayelit yo konnen sèlman kèk kalite manje te pwòp oubyen bon pou manje. Distenksyon Izrayelit yo te fè ant manje pa pwòp la te gen yon gran efè sou lavi relijye ak lavi sosyal yo. Kèk bèt kòm zwazo ak pwason te konsidere kòm pwòp, bon pou manje, tandiske kèk lòt te konsidere kòm pa pwòp, epi yo te defandi (Lev. 11; Det. 14:3–20). Kèk moun malad tou te konsidere kòm pa pwòp.

Nan yon sans espiritiyèl, pwòpte vle di debarase anba peche ak anvi peche. Nan sans sa a mo a itilize pou dekri yon moun ki gen vèti ak kè pi (Sòm 24:4). Pèp alyans Bondye te toujou gen enstriksyon espesyal pou yo pwòpte (3 Ne. 20:41; D&A 38:42; 133:5).

Yon moun ki gen men pwòp ak kè pi l ap monte sou mòn Senyè a, **Sòm** 24:3–5.

Pa rele pèsonn òdinè oubyen pa pwòp, **Tra.** 10:11–28.

Èske w kapab leve tè gade Bondye ak yon kè pi epi ak men w pwòp nan jou sa a, **Alma** 5:19.

Pye

Senyè a ap chatye Siyon jistan l vin pwòp, **D&A** 90:36. Ou menm k ap pote veso Senyè a, ou dwe pwòp, **D&A** 133:4–5, 14 (Eza. 52:11).

Pye

Youn nan òganizasyon ak gwoup administratif nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Yon Pye fòme avèk yon kantite pawas oubyen branch. Jeneralman, li gen yon gwoupman fwontyè jeyografik ki mete l nan konfòmite avèk ide ki dekri nan Ezayi 54:2: “Lonje kòd ou yo, epi ranfòse pye ou yo.” Chak pye nan Siyon sipòte epi ede pou kenbe Legliz la menm jan yon tant oubyen yon tabènak gen poto ki kenbe yo. Yon pye se plas rasanbleman pou rès Izrayèl ki dispèsa a (**D&A** 82:13–14; 101:17–21).

Ranfòse pye w yo epi laji fwontyè w yo, **Mowò**. 10:31 (**D&A** 82:14).

Tabli lòt pye nan Siyon ap pye sa a, **D&A** 109:59. Rasanbleman nan Siyon ak nan pye Siyon yo kapab la pou yon defans, **D&A** 115:6 (**D&A** 101:21). Lòt kote ta dwe tabli pou pye, **D&A** 115:18. Prezidan kowòm gran prèt yo tabli pou kalifye moun ki pral resevwa chaj kòm prezidan pye, **D&A** 124:133–134. Ale nan peyi Siyon pou pye li yo kapab ranfòse, **D&A** 133:9.

Pye oliv. *Gade tou nan Izrayèl; Lwil*

Yon pyebwa popilè pou Izrayèl epi yon resous agrikilti enpòtan nan peyi Biblik yo. Yo plante l pou bwa li, fwi li ak lwil li. Yo itilize pye oliv nan ekriti yo pi souvan pou senbolize kay Izrayèl la.

Kay Izrayèl la konpare avèk yon pye oliv ki gen branch li yo kase epi separe, **1 Ne.** 10:12 (1 Ne. 15:12). Senyè a konpare kay Izrayèl la avèk yon pye oliv natirèl, **Jakòb** 5–6.

Joseph Smith te rele revelasyon nan seksyon 88 la fèy oliv la, **D&A** 88 anèt. Yon nonm rich te di sèvitè l yo pou yo ale nan jaden l la pou yo plante douz pye oliv, **D&A** 101:43–62.

Pyebwa lavi a. *Gade tou nan Edenn*

Yon pyebwa nan Jaden Edenn nan,

nan paradi Bondye a (**Jen.** 2:9; **Apok.** 2:7). Nan rèv Leyi a, pyebwa lavi a reprezante lanmou Bondye epi yo pale de li kòm pi gran don nan tout don Bondye yo (1 Ne. 8; 11:21–22, 25; 15:36).

Kèk cheriben ak yon epe dife bare wout pyebwa lavi a, **Jen.** 3:24 (**Alma** 12:21–23; 42:2–6).

Jan te wè pyebwa lavi a, epi fèy yo te gen pouwva gerizon pou nasyon yo, **Apok.** 22:2.

Leyi te wè pyebwa lavi a, **1 Ne.** 8:10–35. Nefi te wè pyebwa papa l te wè a, **1 Ne.** 11:8–9. Ba fè a kondi moun nan pyebwa lavi a, **1 Ne.** 11:25 (1 Ne. 15:22–24). Yon gouf tèrib separe mechan yo avèk pyebwa lavi a, **1 Ne.** 15:28, 36. Dwe gen yon fwi defandi ki opoze avèk pyebwa lavi a, **2 Ne.** 2:15. Vin jwenn Senyè a epi manje nan fwi pyebwa lavi a, **Alma** 5:34, 62. Si premye paran nou yo te manje nan fwi pyebwa lavi a, yo t ap mizerab pou tout tan, **Alma** 12:26. Si w pa nourri pawòl la, ou p ap janm kapab keyi fwi pyebwa lavi a, **Alma** 32:40.

Senyè a te plante pyebwa lavi a nan mitan jaden an, **Moyiz** 3:9 (**Abr.** 5:9). Bondye te fè Adan soti nan jaden Edenn nan pou l pa manje nan fwi pyebwa lavi a, pou l pa viv pou tout tan, **Moyiz** 4:28–31.

Pyè

Nan Nouvo testaman an, orijinalman yo te konnen Pyè kòm Simeyon oubyen Simon (2 Pyè 1:1), yon pechè pwason, moun Betsayida ki te rete nan Kapènawòm avèk madanm li. Jezi te geri manman madanm Pyè (**Mak** 1:29–31). Pyè te resevwa apèl avèk Andre, frè l la, pou yo vin tounen disip Jezikri (**Mat.** 4:18–22; **Mak** 1:16–18; **Lik** 5:1–11). Non Aramik l lan, Sefas, ki vledi “yon vwayan” oubyen “wòch,” se Senyè a ki te ba li l (**Jan** 1:40–42; **TJS**, **Jan** 1:42 [**Apendis**]). An menm tan Nouvo Testaman an mansonne kèk nan feblès mòtèl Pyè yo, li fè konnen tou Pyè te simonte yo epi lafwa l nan Jezikri a te vin fè l fò.

Pyè te konfese Jezi se Kris la epi Piti Gason Bondye a (**Jan** 6:68–69), epi Senyè a te seleksyone l pou l kenbe kle wayòm

nan sou tè a (Mat. 16:13–19). Sou Mòn Transfigirasyon an, Pyè te wè Sovè transfigire a, ansanm avèk Moyiz epi Elyas (Eli) (Mat. 17:1–9).

Pyè te chèf Apot nan epòk li a. Apre lanmò, Rezirèksyon, epi Asansyon Sovè a, Pyè te reyini Legliz la ansanm epi li te sipèvize apèl yon Apot pou ranplase Jida Iskaryòt (Tra. 1:15–26). Pyè ak Jan te geri yon nonm ki te paralize depi nan nesans (Tra. 3:1–16) epi li te lage soti nan prizon mirakilezman (Tra. 5:11–29; 12:1–19). Se nan ministè Pyè levanjil la te louvri pou Janti yo pou premye fwa (Tra. 10–11). Nan dènye jou yo, Pyè, avèk Jak epi avèk Jan te soti nan syèl la epi yo te konfere Prètriz Mèlkisedèk la ak kle li yo sou Joseph Smith ak Oliver Cowdery (D&A 27:12–13; 128:20).

Premye Epit Pyè: Premye epit la te ekri nan “Babilòn” (Petèt Wòm) epi yo te voye l bay Sen yo ki nan kote ki rele Azi Minè a kounyeya, yon ti tan apre Newton te kòmanse pèsekite Kreyen yo.

Chapit 1 pale konsènan preòdone Kris la kòm Redanmtè a. Chapit 2–3 esplike Kris la se pilye prensipal Legliz la, Sen yo gen yon prètriz wayal, epi Kris la te preche lespri nan prizon yo. Chapit 4–5 esplike poukisa yo te preche mò yo levanjil la epi poukisa ansyen yo dwe nourri twoupo a.

Dezyèm Epit Pyè a: Chapit 1 egzòte Sen yo pou yo asire apèl yo ak eleksyon yo. Chapit 2 avèti kont fo enstriktè. Chapit 3 pale konsènan dènye jou yo ak Dezyèm Vini Kris la.

Rachèl. *Gade tou nan* Jakòb, pitit gason Izarak

Nan Ansyen Testaman an, yon madanm Jakòb (Jen. 29–31; 35). Li te mannan Jozèf ak Benjamen tou.

Rafayèl. *Gade tou nan* Zanj yo

Yon zanj Senyè a ki te patisipe nan retablisman tout bagay (D&A 128:21).

Rak bwa Sakre. *Gade nan* Premye Vizyon

Rameyanptòm

Nan liv Mòmmon an, yon estrad wo kote Zoramit yo, Nefit apostay yo te konn kanpe pou priye (Alma 31:8–14, 21).

Rasanbleman Izrayèl. *Gade nan* Izrayèl—Rasanbleman Izrayèl la

Rayi, rayiman. *Gade tou nan* Inimitey; Lanmou, renmen; Vanjans

Hèn se yon gwo desagreman pou yon moun oubyen pou yon bagay.

Mwenmenm, Bondye, m pini inikite papa yo sou piti ki rayi m, **Egz.** 20:5. Sis bagay sa yo Senyè a rayi, **Pwov.** 6:16. Yon nonm fou meprize manman l, **Pwov.** 15:20. Lèzòm rejte l epi meprize l, **Eza.** 53:3.

Fè byen pou moun ki rayi w, **Mat.** 5:44. Oubyen l rayi youn, epi l renmen lòt; oubyen l kenbe youn, epi meprize lòt, **Mat.** 6:24. Tout moun ap rayi nou akòz non mwen, **Mat.** 10:22. Nenpòt moun ki fè sa ki mal rayi limyè, **Jan** 3:20. Pa kite okenn moun meprize jenès ou, **1 Tim.** 4:12.

Paske yo rich, yo meprize pòv la, **2 Ne.** 9:30. Pa meprize revelasyon Bondye yo, **Jakòb** 4:8. Yo rayi nou tou tan, **Jakòb** 7:24.

Lèzòm meprize konsèy ak pawòl Bondye yo, **D&A** 3:7.

Yo te rayi m e yo te pèsekite m poutèt mwen te fè yon vizyon, **I—JS** 1:25.

Rebeka. *Gade tou nan* Izarak

Madanm Izarak, yon patriyach nan Ansyen Testaman an (Jen. 24–27). Rebeka te manman Ezayou ak Jakòb (Jen. 25:23–26).

Rebelyon. *Gade tou nan* Apostazi; Dyab; Mimire; Peche

Defye oubyen opoze Senyè a, epi tou refize suiv dirijan Li chwazi yo epi dezobeyi kòmandman Li yo volontèman.

Pa fè rebèl kont Senyè a, **Nonb** 14:9. Moun mechan sèlman ap chèche rebelyon, **Pwov.** 17:11. Malè timoun rebèl yo, **Eza.** 30:1.

Senyè a pa rachte okenn moun ki fè rebèl kont li epi li mouri nan peche yo,

Redanmsyon, Plan

Mozya 15:26. Amlisit yo te antre nan rebelyon ouvètman kont Bondye, **Alma** 3:18–19.

Tristès pral pèse rebèl yo, **D&A** 1:3. Kòlè Senyè a limen kont rebèl yo, **D&A** 56:1 (**D&A** 63:1–6).

Satan te fè rebèl kont Bondye, **Moyiz** 4:3.

Redanmsyon, Plan. *Gade nan Plan redanmsyon*

Redanmtè. *Gade tou nan Jezikri; Sovè*

Jezikri se gran Redanmtè limanite a paske Li te peye pri pou peche tout limanite a epi Li te rann rezirèksyon an posib pou tout moun, akòz Ekspyasyon L lan.

M konnen redanmtè m nan vivan, **Jòb** 19:25. Redanmtè, Sen Izrayèl la di konsa, m ap ede w, **Eza.** 41:14 (**Eza.** 43:14; 48:17; 54:5; 59:20). Mwenmenm Senyè a m se Sovè w ak Redanmtè w, **Eza.** 49:26 (**Eza.** 60:16).

Rele li Jezi paske li pral sove pèp li a anba peche yo, **Mat.** 1:21. Pitit lòm nan te vini pou l bay lavi l kòm ranson pou anpil moun, **Mat.** 20:28 (1 **Tim.** 2:5–6). Senyè Bondye Izrayèl la te vizite epi li te rachte pèp li a, **Lik** 1:68. Nou te rekonsilye avèk Bondye akòz lanmò Pitit Gason li a, **Wom.** 5:10. Jezikri te bay tèt li pou nou, pou l te kapab rachte nou anba tout inikite, **Tit** 2:13–14. Jezikri te lave nou anba peche nou yo nan san pa li, **Apok.** 1:5.

Redanmsyon vini nan epi akòz Mesi Sen an, **2 Ne.** 2:6–7, 26. Pitit Gason an pran inikite ak transgresyon lèzòm sou tèt pa l, li rachte yo, epi li satisfè egzijans jistis, **Mozya** 15:6–9, 18–27. Kris la te vini pou l rachte tout moun ki vle batize pou repantans, **Alma** 9:26–27. Li pral vini nan mond lan pou l rachte pèp li a, **Alma** 11:40–41. Redanmsyon vini nan repantans, **Alma** 42:13–26. Jezikri te vini pou l rachte mond lan, **Ela.** 5:9–12. Kris la rachte limanite anba lanmò fizik ak espirityèl, **Ela.** 14:12–17. Redanmsyon vini nan Kris, **3 Ne.** 9:17. M se moun ki te prepare anvan fondasyon mond lan pou m rachte pèp mwen an, **Etè** 3:14.

Senyè a Redanmtè w la te soufri lanmò

fizik, **D&A** 18:11. Kris la te soufri pou tout moun si yo repanti, **D&A** 19:1, 16–20. Timoun piti yo rachte akòz Sèl Pitit Literal, **D&A** 29:46. M te voye Sèl Pitit Gason Literal mwen an nan mond lan pou l rachte mond lan, **D&A** 49:5. Kris la se limyè ak Redanmtè mond lan, **D&A** 93:8–9. Joseph F. Smith te resewva vizyon redanmsyon mò yo, **D&A** 138.

Nou kwè tout limanite kapab sove akòz ekspyasyon Kris la, **AL** 1:3.

Redanmtè, restablisman, redanmsyon. *Gade tou nan Chit Adan ak Èv; Ekspyasyon, ekspye; Jezikri; Lanmò, fizik; Lanmò espirityèl; Sali*

Delivre, achte, oubyen ransone, tèlke peye pou libere yon moun anba esklavaj. *Redanmsyon* bay kòm referans ekspyasyon Jezikri a ak delivrans anba peche. Ekspyasyon Jezi a rachte tout limanite anba lanmò fizik. Akòz Ekspyasyon l lan, moun ki gen lafwa nan li epi ki repanti, yo rachte anba lanmò espirityèl la tou.

M te rachte w, **Eza.** 44:22. M ap rachte yo anba lanmò, **Oze** 13:14 (**Sòm** 49:15).

Nou gen redanmsyon nan san Kris la, **Efe.** 1:7, 14 (**Ebre** 9:11–15; 1 **Pyè** 1:18–19; **Alma** 5:21; **Ela.** 5:9–12).

Senyè a te rachte nanm mwen anba lanfè, **2 Ne.** 1:15. Redanmsyon vini nan epi avèk Mesi Sen an, **2 Ne.** 2:6–7, 26 (**Mozya** 15:26–27; 26:26). Yo te chante lanmou Redanmtè a, **Alma** 5:9 (**Alma** 5:26; 26:13). Pou mechan yo se tankou pa t gen okenn redanmsyon ki te fèt, **Alma** 11:40–41 (**Alma** 34:16; 42:13; **Ela.** 14:16–18). Jezikri te akonpli redanmsyon mond lan, **Mòm.** 7:5–7. Pouvw redanmsyon an vini sou tout moun ki pa gen lafwa, **Mowo.** 8:22 (**D&A** 45:54).

Moun ki pa kwè, yo pa kapab rachte anba tonbe espirityèl yo a, **D&A** 29:44. Timoun piti yo rachte depi nan fondasyon mond lan, **D&A** 29:46. Senyè a te rachte pèp li a, **D&A** 84:99. Joseph F. Smith te fè vizyon sou redanmsyon mò yo, **D&A** 138.

Adan ak Èv te rejwi nan redanmsyon yo, **Moyiz** 5:9–11.

Rekonesan, remèsiman. *Gade tou nan*

Adorasyon; Benediksyon, beni

Gratitid pou benediksyon moun resevwa nan men Bondye. Esprime gratitid fè Bondye plèzi, epi remèsye Bondye fè pati vrè adorasyon. Nou ta dwe remèsye Senyè a pou tout bagay.

Li bon pou moun bay Senyè a remèsiman, **Sòm** 92:1. Vini devan prezans li avèk aksyon-de-gras, **Sòm** 95:1-2. Gen rekonesans devan l epi beni non l, **Sòm** 100.

Pa sispann bay remèsiman, **Efe.** 1:15-16. Gen rekonesans, **Kol.** 3:15. Benediksyon, glwa, aksyon-de-gras ak onè pou Bondye nou, **Apok.** 7:12.

Konbyen ou menm dwe remèsye Wa selès ou a, **Mozya** 2:19-21. Viv nan aksyon-de-gras chak jou, **Alma** 34:38. Lè w leve nan maten, ranpli kè w avèk remèsiman pou Bondye, **Alma** 37:37.

Ou ta dwe fè tout bagay avèk priyè epi avèk aksyon-de-gras, **D&A** 46:7. Ou dwe remèsye Bondye, **D&A** 46:32. Fè bagay sa yo avèk remèsiman, **D&A** 59:15-21. Resevwa benediksyon sa yo nan men Senyè a avèk yon kè rekonesan, **D&A** 62:7. Yon moun ki resevwa tout bagay avèk yon rekonesans, l ap resevwa glwa, **D&A** 78:19. Bay remèsiman nan tout bagay, **D&A** 98:1 (1 Tes. 5:18). Louwe Senyè a avèk yon priyè louwanj epi avèk remèsiman, **D&A** 136:28.

Rekòt

Ekrityo itilize rekòt nan yon sans figire pou fè referans avèk mennen moun nan Legliz la, ki se wayòm Bondye sou tè a, oubyen tan jijman a, tèlke Dezyèm Vini Jezikri a.

Rekòt la pase, lete a fini, epi nou pa sove, **Jer.** 8:20 (**D&A** 56:16).

Rekòt la gran, men pa gen ase travayè, **Mat.** 9:37. Rekòt la se finisman mond lan, **Mat.** 13:39. Nenpòt sa yon moun plante, se sa l ap rekòlte, **Gal.** 6:7-9 (**D&A** 6:33).

Jaden an deja mi pou rekòt, **D&A** 4:4. Rekòt la fini epi nanm ou pa sove, **D&A** 45:2. Tan rekòt la rive, epi pawòl mwen pou dwe akonpli, **D&A** 101:64.

Remisyon peche yo. *Gade tou nan*

Ekspyasyon, ekspye; Jezikri; Padon; Repantans, repanti

Padon pou fè mal avèk kondisyon repantans. Ekspyasyon Jezikri a rann padon peche yo posib. Yon moun jwenn padon pou peche l yo si li gen lafwa nan Kris la, si l repanti nan peche l yo, epi si l resevwa òdonans batèm nan ak enpozisyon men pou don Sentespri a, epi si l obeyi kòmandman Bondye yo (**AL** 1:3-4).

Menm si peche w yo tankou kramwazi, y ap vin blan tankou nèj, **Eza.** 1:16-18.

Se san m ki te koule pou anpil moun, pou padon peche yo, **Mat.** 26:28 (Ebre 9:22-28; **D&A** 27:2). Repanti, epi batize pou padon peche yo, **Tra.** 2:38 (Lik 3:3; **D&A** 107:20). Moun ki kwè nan Jezi, y ap resevwa padon peche yo, **Tra.** 10:43 (**Mozya** 3:13).

Kris la se sous kote yo kapab espere padon peche yo, **2 Ne.** 25:26. Pou nou kapab gen padon pou peche nou yo, nou dwe pran swen pòv yo ak moun ki nan nesite yo, **Mozya** 4:11-12, 26. Nenpòt moun ki repanti, l ap gen dwa sou mizèrikòd, pou padon peche l yo, **Alma** 12:34. Akonplisman kòmandman yo mennen padon pou peche yo, **Mowo.** 8:25.

Prèttriz Aawon an gen kle batèm pa imèsyon pou padon peche, **D&A** 13 (**D&A** 84:64, 74; **AL** 1:4). Mwenmenm Senyè a, m bliye peche yo, **D&A** 58:42-43 (Ezek. 18:21-22). Moun sa yo te resevwa enstriksyon sou batèm pa pwokirasyon pou padon peche yo, **D&A** 138:33.

Remò. *Gade tou nan* Repantans, repanti

Sitiyasyon lè yon moun fè mal oubyen santiman regrè ak tristès ki ta dwe akonpaye peche.

Li te peche epi li antò, **Lev.** 6:1-6.

Nenpòt moun ki manje nan Sentsèn nan avèk endiyite li antò kont kò ak san Jezi, **1 Kor.** 11:27.

Moun ki antò yo panse verite a di, **1 Ne.** 16:2. Nou pral gen yon konesans pafè konsènan tout fot nou, **2 Ne.** 9:14.

Renmen

Fot mwen yo te efase, **Enòs** 1:6. Te gen yon pinisyon ki te tabli pou bay konsyans yo remò, **Alma** 42:18. Se pou peche w yo sèlman annwiye w, avèk anv sa a k ap mennen w desann nan repantans, **Alma** 42:29.

Kèk moun nan pami w antò devan m, men m ap gen mizèrikòd, **D&A** 38:14.

Pitit Gason Bondye a te ekspye peche orijinal la, **Moyiz** 6:54.

Renmen. *Gade nan* Lanmou, renmen

Repantans, repanti. *Gade tou nan*

Ekspyasyon, ekspye; Jezikri; Kè brize; Konfese, konfesyon; Padon; Remisyon peche yo

Yon chanjman santiman ak kè ki pote yon nouvo atitid lanmou anvè Bondye, pou tèt pa yon moun, epi anvè lavi a jeneralman. Repantans vle di yon moun vire do bay mal epi li vire kè l ak volonte l bay Bondye, soumèt tèt li devan kòmandman ak volonte Bondye epi abandone peche l. Vrè repantans vini nan lanmou yon moun genyen pou Bondye ak yon anv sensè pou l obeyi kòmandman Li yo. Tout moun ki gen laj rezon fè peche epi yo dwe repanti pou yo kapab pwogrese ale nan sali. Se sèlman akòz Ekspyasyon Jezikri a repantans nou kapab reyalize epi Bondye kapab akseptè l.

Fè konfesyon devan Senyè a, **Esd.** 10:11. Mete move zèv ou yo sou kote; sispann fè mal, **Eza.** 1:16. Repanti, epi vire do w bay tout transgresyon w yo, **Ezek.** 18:30–31.

Repanti: paske wayòm syèl la ap pwòche, **Mat.** 3:2. Gen jwa nan syèl la poutèt yon sèl pechè ki repanti, **Lik** 15:7. Bondye kòmande tout moun tout kote pou yo repanti, **Tra.** 17:30 (2 **Ne.** 9:23; 3 **Ne.** 11:31–40; **D&A** 133:16). Tristès ki soti kote Bondye pouse moun nan repantans pou yo kapab sove, **2 Kor.** 7:10.

Lespri Senyè a Omnipotan an te fè yon gran chanjman nan kè nou, epi nou pa t gen okenn dispozisyon ankò pou nou fè mal, **Mozya** 5:2. Si li konfese peche li yo epi li repanti, ou dwe padone l, **Mozya** 26:29. Apre predikasyon Alma a, anpil

moun te kòmanse repanti, **Alma** 14:1. Pa ranvwaye jou repantans ou a, **Alma** 34:33. Alma anseye Elaman konsènan repantans li ak konvèsyon l lan, **Alma** 36 (Mozya 27:8–32). Repantans pa t ap kapab vin jwenn lèzòm si pa t gen pinisyon, **Alma** 42:16. Se pou peche w yo sèlman annwiye w, avèk anv sa a k ap mennen w desann nan repantans, **Alma** 42:29. Ou dwe ofri m yon kè brize ak yon lespri kontri kòm sakrifis, **3 Ne.** 9:20. Nenpòt moun ki repanti epi ki vin jwenn mwen tankou yon timoun piti, se moun sa a m ap resevwa, **3 Ne.** 9:22. Repanti, ou menm tout kwen tèt a, **3 Ne.** 27:20. Chak fwa yo te repanti, yo te jwenn padon, **Mowo.** 6:8.

Pa di jenerasyon sa a anyen ekseptè repantans, **D&A** 6:9 (**D&A** 11:9). Yon nanm ki repanti, jwa li gran anpil, **D&A** 18:13. Chak moun dwe repanti oubyen li dwe soufri, **D&A** 19:4. Yon moun ki fè peche epi ki pa repanti, y ap chase l, **D&A** 42:28. Yon moun ki konfese epi ki abandone peche l yo, li padone, **D&A** 58:42–43. Mò ki repanti yo ap rachte, **D&A** 138:58.

Nou kwè nan repantans, **AL** 1:4.

Repo. *Gade tou nan* Jou Saba; Lapè

Jwisans lapè ak libète anba tèt chaje ak traka. Senyè a te pwomèt yon repo konsa pou disip fidèl Li yo pandan lavi sa a. Li te prepare yon plas repo pou yo tou nan lavi apre a.

Prezans mwen prale avè w epi m ap ba w repo, **Egz.** 33:14.

Vin jwenn mwen, tout ou menm ki chaje, epi m ap ba w repo, **Mat.** 11:28–29.

Nou te travay pou yo kapab antre nan repo l la, **Jakòb** 1:7 (Ebre 4:1–11). Nenpòt moun ki repanti, l ap antre nan repo m nan, **Alma** 12:34. Te gen yon pakèt kantite moun Senyè a te pirifye, epi yo te antre nan repo Senyè a, **Alma** 13:12–16. Paradi se yon santiman repo, **Alma** 40:12 (**Alma** 60:13). Anyen pa kapab antre nan repo l la ekseptè moun ki te lave rad yo nan san m, **3 Ne.** 27:19.

Deklare pèp sa a repantans pou w kapab repoze avèk yo nan wayòm Papa m nan, **D&A** 15:6 (**D&A** 16:6). Moun ki

mouri yo pral repoze apre tout travay yo, **D&A** 59:2 (Apok. 14:13). Senyè a repoze nan plenitud glwa li, **D&A** 84:24.

Responsab, responsablite. *Gade tou nan Lib abit*

Senyè a te di konsa tout moun responsab pou motif pa yo, atitud yo, dezi yo ak aksyon yo.

Laj responsablite a se laj lè timoun responsab pou aksyon pa yo, yo kapab fè peche epi yo kapab repanti.

M ap jije chak moun dapre aksyon li, **Ezek.** 18:30.

Y ap rann kont pou chak move pawòl, **Mat.** 12:36. Rann kont sou responsablite ou, **Lik** 16:2. Nou chak gen pou nou rann kont sou tèt pa nou bay Bondye, **Wom.** 14:12. Mò yo ap jije dapre zèv yo, **Apok.** 20:12.

Pawòl nou, zèv nou ak panse nou ap kondane nou, **Alma** 12:14. Nou se jij tèt pa nou ni pou nou fè byen ni pou nou fè mal, **Alma** 41:7. Ou gen pèmision pou w ajì pou tèt pa w, **Ela.** 14:29–31. Men sa w dwe anseye—repantans ak batèm pou tout moun ki responsab, **Mowo.** 8:10.

Tout moun ki gen laj rezon dwe repanti epi batize, **D&A** 18:42. Satan pa kapab tante timoun piti jistan yo vin gen laj rezon devan m, **D&A** 29:46–47. Timoun dwe batize lè yo gen ywit an, **D&A** 68:27. Chak moun ap responsab pou peche pa l nan jou jijman an, **D&A** 101:78.

Lèzòm gen privilèj pou yo konnen byen ak mal; se poutèt sa yo responsab pou tèt pa yo, **Moyiz** 6:56. Lèzòm ap pini pou pwòp peche pa yo, **AL** 1:2.

Responsablite, Laj. *Gade nan Batèm, batize—Batèm pa pou timoun piti; Batèm timoun piti; Responsab, responsablite; Timoun, timoun yo*

Restitasyon, retablisman. *Gade tou nan Retablisman levanjil la*

Retou yon bagay oubyen yon kondisyon yon moun te wete oubyen ki te pèdi.

Lespri a ak kò a pral reyini nan fòm pawèl yo a, **Alma** 11:43–44. Restorasyon

vle di retounen mal pou mal, jis pou jis, **Alma** 41:10–15.

Nou kwè nan retablisman Dis Tribi yo epi tè a pral renouvle epi resevwa glwa paradi l la, **AL** 1:10 (**D&A** 133:23–24).

Retablisman levanjil la. *Gade tou nan Apostazi; Dispansasyon; Levanjil; Smith, Joseph, pitit la*

Retablisman verite yo ak òdonans levanjil l la Bondye fè pami lèzòm sou tè a. Levanjil Jezikri a te pèdi sou tè a akoz apostazi ki te rive apre ministè Apot Kris yo sou tè a. Apostazi sa a te vin rann Retablisman levanjil la nesèsè. Avèk vizyon, ministè zanj epi revelasyon pou lèzòm sou tè a, Bondye te retabli levanjil la. Retablisman an te kòmanse avèk Pwofèt Joseph Smith (I—JS 1; **D&A** 128:20–21) epi l ap kontinye jiska prezan avèk travay pwofèt vivan Senyè a yo.

Kay Senyè a pral tabli sou tèt mòn yo, **Eza.** 2:2 (Miche 4:2; 2 Ne. 12:2). Bondye pral fè yon gran travay ak yon mèvyè, **Eza.** 29:14 (2 Ne. 25:17–18; **D&A** 4:1). Bondye pral tabli yon wayòm ki p ap janm detwi, **Dan.** 2:44.

Elyas pral vini pou l retabli tout bagay, **Mat.** 17:11 (Mak 9:12; **D&A** 77:14). Pral gen yon epòk pou restitasyon tout bagay, **Tra.** 3:21 (**D&A** 27:6). Nan dispansasyon plenitud tout tan yo Bondye pral rasanble tout bagay ansanm fè youn, **Efe.** 1:10. M te wè yon lòt zanj ki te gen levanjil etènèl la pou l preche, **Apok.** 14:6.

Plenitud levanjil la pral vin jwenn Janti yo, **1 Ne.** 15:13–18. Juif yo pral retabli nan vrè legliz la, **2 Ne.** 9:2. Nan dènye jou yo, verite a pral vini, **3 Ne.** 16:7.

M konfere Prètriz Aawon an sou ou, **D&A** 13 (I—JS 1:69). M te bay kle wayòm nan pou yon dènye fwa, **D&A** 27:6, 13–14 (**D&A** 128:19–21). Rasanble tribi Izrayèl yo ansanm epi retabli tout bagay, **D&A** 77:9. Yo te bay kle yo pou dispansasyon sa a, **D&A** 110:16 (**D&A** 65:2). Nou resevwa prètriz la nan dispansasyon plenitud tout tan yo, **D&A** 112:30.

M te wè de Pèsonaj, I—JS 1:17. M pral revele ou prètriz la nan men Eli, I—JS 1:38 (Mal. 4:5–6).

Revelasyon

Revelasyon. *Gade tou nan*

Enspirasyon, inspire; Limyè, limyè Kris; Pawòl Bondye; Pwofesi, pwofetize; Rèv; Sentespri; Vizyon; Vwa

Kominikasyon Bondye pou pitit Li yo sou tè a. Revelasyon kapab vini nan Limyè Kris la ak Sentespri a kòm enspirasyon, vizyon, rèv, oubyen vizit zanj. Revelasyon bay direksyon ki kapab kondi yon moun fidèl nan sali etènèl pou l ale nan wayòm selès la.

Senyè a revele travay Li bay pwofèt Li yo epi li konfime kwayan yo revelasyon pwofèt yo se verite (Amòs 3:7). Nan revelasyon, Senyè a bay direksyon pèsònèl pou chak moun ki chèche epi ki gen lafwa, ki repanti, epi ki obeyi levanjil Jezikri a. Joseph Smith te di konsa "Sentespri a se yon revelatè," epi "pèsonn pa kapab resevwa Sentespri a san resevwa revelasyon."

Nan Legliz Senyè a Premye Prezidans lan ak Kowòm Douz Apot yo se pwofèt, vwayan, epi revelatè pou Legliz la ak mond lan. Prezidan Legliz la se sèl moun Senyè a otorize pou resevwa revelasyon pou Legliz la (D&A 28:2-7). Chak moun kapab resevwa revelasyon pou benefis pa l.

Lòm viv avèk chak mo ki soti nan bouch Senyè a, **Det.** 8:3 (Mat. 4:4; D&A 98:11). Senyè a pale avèk yon ti vwa trankil, **1 Wa** 19:12. Kote ki pa gen vizyon, pèp la peri, **Pwov.** 29:18. Reyèlman Senyè Bondye a p ap fè anyen san l pa revele sekre li bay sèvitè li yo, pwofèt yo, **Amòs** 3:7.

Ou beni Simon pitit gason Jonas: paske chè ak san pa t revele w li, men se Papa m, **Mat.** 16:15-19. Lespri a ap kondi w nan tout verite epi l ap montre w tout bagay ki pral rive, **Jan** 16:13. Si nenpòt nan nou manke sajès, se pou l mande Bondye, **Jak** 1:5.

Tout bagay pral revele, **2 Ne.** 27:11. M ap bay pitit lèzòm liy apre liy, **2 Ne.** 28:30. Pa gen okenn sekre ki p ap revele, **2 Ne.** 30:17. Sentespri a pral montre w tout bagay, **2 Ne.** 32:5. Pèsonn pa konnen zafè Bondye san li pa revele l ba yo,

Jakòb 4:8. Alma te jene epi li te priye pou revelasyon, **Alma** 5:46. Bagay ki pa t janm revele pral revele pou fidèl yo, **Alma** 26:22. Moun ki nye revelasyon, yo pa konnen levanjil Jezikri a epi yo pa konprann ekriti yo, **Mòm.** 9:7-8. Ou p ap resevwa temwayaj anvan lafwa w teste, **Etè** 12:6.

Tout pawòl mwen yo ap akonpli, **D&A** 1:38. Èske m pa t pale lapè nan panse w konsènan bagay sa a, **D&A** 6:22-23. M pral di w nan panse w epi nan kè w, **D&A** 8:2-3. Si se jis m ap lakoz pwatrin ou cho, **D&A** 9:8. Pa nye lespri revelasyon an, **D&A** 11:25. Moun ki mande, yo resevwa revelasyon apre revelasyon, **D&A** 42:61. Nenpòt pawòl yo pale lè Sentespri a inspire yo, se ap vwa Senyè a, **D&A** 68:4. Bondye ap ba w konesans, **D&A** 121:26.

Joseph Smith te wè Papa a ak Pitit Gason an, **1-JS** 1:17. Nou kwè tout bagay Bondye te revele ak tout sa li gen pou l revele, **AL** 1:7, 9.

Reverans. *Gade tou nan* Krent, krentif; Onè

Gran respè pou bagay sakre, mèvè.

Senyè a te kòmande Moyiz pou l wete soulye l, paske li te kanpe sou yon tè sen, **Egz.** 3:4-5. Moun dwe krent Bondye epi yo dwe gen reverans pou li, **Sòm** 89:7.

Aksepte sèvi Bondye avèk reverans epi avèk krent pou Bondye, **Ebre** 12:28.

Mowoni te bese tèt li atè a, epi li te priye anpil, **Alma** 46:13. Militid la te tonbe atè a epi yo te adore Kris la, **3 Ne.** 11:12-19.

Bese tèt devan m, **D&A** 5:24. Tout bagay bese nan imilite ak reverans devan twòn Bondye a, **D&A** 76:93. Panse w te antenebre paske w te trete bagay ou te resevwa yo avèk lejète, **D&A** 84:54-57. Chak jenou pral pliye epi chak lang pral konfese, **D&A** 88:104. Poutèt respè oubyen reverans pou non Èt Siprèm nan, Legliz la te rele prèttriz la Prèttriz Mèlkisèdèk, **D&A** 107:4. Benediksyon pral vide sou moun ki reverè Senyè a nan kay li, **D&A** 109:21.

Reyièl. *Gade nan* Jetwo

Rezirèksyon. *Gade tou nan*

Ekspyasyon, ekspeye; Imòtalite, imòtèl; Jezikri; Kò; Lanmò, fizik; Lespri

Reyinyon kò lespri a avèk kò fizik chè ak zo a apre lanmò. Apre rezirèksyon an, lespri ak kò a p ap janm separe ankò, epi moun nan pral vin imòtèl. Chak moun ki te fèt sou tè a pral resisite paske Jezikri te gen viktwa sou lanmò (1 Kor. 15:20–22).

Jezikri te premye moun ki te resisite sou tè sa a (Tra. 26:23; Kol. 1:18; Apok. 1:5). Nouvo Testaman an bay evidans klè ki fè konnen Jezi te resisite avèk kò fizik Li a: tonm Li a te vid, Li te manje pwason avèk siwo myèl, Li te gen yon kò chè ak zo, moun te touche L, epi zanj te di konsa Li te resisite (Mak 16:1–6; Lik 24:1–12, 36–43; Jan 20:1–18). Revelasyon nan dènye jou yo konfime reyalye Rezirèksyon Kris la ak rezirèksyon tout limanite (Alma 11:40–45; 40; 3 Ne. 11:1–17; D&A 76; Moyiz 7:62).

Tout moun p ap resisite avèk menm glwa a (1 Kor. 15:39–42; D&A 76:89–98), ni tou tout moun p ap resisite menm lè a (1 Kor. 15:22–23; Alma 40:8; D&A 76:64–65, 85; 88:96–102). Anpil Sen te resisite apre Rezirèksyon Kris la (Mat. 27:52). Jis yo pral resisite anvan mechan yo epi jis yo pral leve nan Premye Rezirèksyon an (1 Tes. 4:16); pechè ki pa repanti yo pral leve nan dènye rezirèksyon an (Apok. 20:5–13; D&A 76:85).

Menm si kò sa a detwi, avèk kò m m ap wè Bondye, **Jòb** 19:26 (Moyiz 5:10). M ap louvri tonm ou yo epi m ap fè w leve, **Ezek.** 37:12.

Tonn yo te louvri, epi anpil kò te leve, **Mat.** 27:52–53 (3 Ne. 23:9). Senyè a te leve, **Lik** 24:34. Yon lespri pa gen chè ak zo, menm jan w wè m genyen an, **Lik** 24:39. M se rezirèksyon an ak lavi a, **Jan** 11:25. Douz Apot yo te anseye Jezi te resisite, **Tra.** 1:21–22 (Tra. 2:32; 3:15; 4:33). Nan Kris la tout moun pral vin vivan, **1 Kor.** 15:1–22. Mò nan Kris yo pral leve anvan, **1 Tes.** 4:16. Yon moun ki fè pati nan premye rezirèksyon an li beni epi li sen, **Apok.** 20:6.

Kris la bay lavi li epi li pran l ankò pou l kapab reyalye rezirèksyon mò yo, **2 Ne.** 2:8 (Mozya 13:35; 15:20; Alma 33:22; 40:3; Ela. 14:15). San rezirèksyon, nou t ap vin soumi anba Satan, **2 Ne.** 9:6–9. Rezirèksyon pral reyalye pou tout moun, **2 Ne.** 9:22. Abinadi te anseye konsènan premye rezirèksyon an, **Mozya** 15:21–26. Pou mechan yo se kòm si pa t gen okenn redanmsyon, eksepte kòd lanmò ki pral demare a, **Alma** 11:41–45. Alma esplikite sitiyaasyon nanm yo ant lanmò ak rezirèksyon an, **Alma** 40:6, 11–24.

Nan aparasyon Senyè a, mò ki te mouri nan Kris yo pral leve, **D&A** 29:13 (D&A 45:45–46; 88:97–98; 133:56). Kriye espeyalman pou moun ki pa espere yon rezirèksyon glorifye, **D&A** 42:45. Moun ki pa gen lwa pral fè pati nan premye rezirèksyon sa a, **D&A** 45:54. Yo pral leve nan pami mò yo epi yo p ap mouri apre sa a, **D&A** 63:49. Rezirèksyon nan pami mò yo se redanmsyon nanm yo, **D&A** 88:14–16. Lespri ak eleman, byen konekte ansanm, resevwa yon jwa total, **D&A** 93:33. Zanj ki se moun resisite yo gen yon kò chè ak zo, **D&A** 129:1. Nenpòt entelijans nou akonpli nan lavi sa a, l ap leve avèk nou nan rezirèksyon an, **D&A** 130:18–19.

Rèv. *Gade tou nan Revelasyon*

Youn nan fason Bondye revele volonte L bay gason ak fi sou tè a. Sepandan se pa tout rèv ki revelasyon. Rèv enspire yo se pwodwi lafwa.

Li te reve, epi li te wè yon nechèl touche syèl la, **Jen.** 28:12. Jozèf te fè yon rèv, **Jen.** 37:5. Senyè a pral pale avèk li nan yon rèv, **Nonb** 12:6. Nebikadnezal te fè rèv, **Dan.** 2:1–3. Vye tonton yo pral fè rèv, **Jowèl** 2:28 (Tra. 2:17).

Zanj Senyè a te parèt devan l nan yon rèv, **Mat.** 1:20 (Mat. 2:19).

Leyi te ekri anpil bagay li te wè nan rèv, **1 Ne.** 1:16. Leyi te fè yon rèv, **1 Ne.** 8.

Riben. *Gade tou nan Izrayèl; Jakòb, pitit gason Izarak*

Nan ansyen Testaman an, pi gran pitit gason Jakòb ak Leya a (Jen. 29:32; 37:21–22, 29; 42:22, 37). Malgre Riben te premye

Richès

ne a, li te pèdi dwadenès li poutèt peche (Jen. 35:22; 49:3–4).

Tribi Riben an: Jenèz 49:3 ak Detewonòm 33:6 gen benediksyon an Jakòb te bay Riben. Piti piti, kantite tribi a te diminye, e malgre tribi a te egziste, li pa t enpòtan nan gouvènman an. Jozèf ak pitit gason li yo te resevwa dwadenès Riben paske Jozèf te premye pitit gason dezyèm madanm Jakòb, Rachèl (1 Kwo. 5:1–2).

Richès. *Gade tou nan* Lajan; Lògèy

Byen oubyen abondans. Senyè a konseye Sen yo pou yo pa chèche richès monden eksepte pou yo fè byen. Sen yo pa dwe lage tèt yo nan chèche richès monden anvan yo chèche wayòm Bondye a, ki gen richès letènite (Jakòb 2:18–19).

Si richès yo ogmante, pa mete lide w sou yo, **Sòm** 62:10. Richès pa sèvi anyen nan jou kòlè, **Pwov.** 11:4. Yon moun ki kwè nan richès li yo, l ap tonbe, **Pwov.** 11:28. Yon bon repitasyon pi bon pase richès, **Pwov.** 22:1.

Li difisil anpil pou moun ki gen richès yo antre nan wayòm Bondye a, **Mak** 10:23 (Lik 18:24–25). Lanmou pou lajan se rasin tout mal, **1 Tim.** 6:10.

Malè yon rich ki meprize pòv epi ki trezò li yo sèvi l kòm bondye, **2 Ne.** 9:30. Jis yo pa t mete lide yo sou richès men yo te pataje yo avèk tout moun, **Alma** 1:30. Pèp la te kòmanse gen lògèy poutèt richès yo, **Alma** 4:6–8. Pèp la te distenge fè klas daprè richès yo, **3 Ne.** 6:12.

Pa chèche richès, men chèche sajès, **D&A** 6:7 (Alma 39:14; D&A 11:7). Richès sou tè yo se pou Bondye bay moun, men fè atansyon avèk lògèy, **D&A** 38:39.

Richès letènite: Rasanble trezò nan syèl lan, **Mat.** 6:19–21.

Konbyen fwa m ofri w richès lavi etènèl yo, **D&A** 43:25. Richès letènite yo pou mwen pou m bay moun, **D&A** 67:2 (D&A 78:18).

Rigdon, Sidney

Yon ansyen konvèti epi yon dirijan nan Legliz retabli a nan 1830 ak kòmansman 1840. Sidney Rigdon te sèvi pou yon

tan kòm Premye Konseye Joseph Smith nan Premye Prezidans Legliz la (D&A 35; 58:50, 57; 63:55–56; 76:11–12, 19–23; 90:6; 93:44; 100:9–11; 124:126). Apre sa li te tonbe epi yo te ekskominye l an Septanm 1844.

Rimè. *Gade tou nan* Move pawòl; Tripotaj

Satan simen rimè kouri ak kontansyon—ki baze kèk fwa sou mwatye verite—pou vire moun kont Bondye ak tout bon bagay (Ela. 16:22; I—JS 1:1). youn nan siy Dezyèm Vini Jezikri di ke moun pral tande pale de lagè ak bri lagè (Mat. 24:6; D&A 45:26; M—JS 1:23).

Rit. *Gade tou nan* Boaz

Nan Ansyen Testaman an, Moabit ki te bèlfi Naomi ak Elimèlèk la. Yo te Izrayelit. Apre lanmò mari l, Rit te marye avèk Boaz ki se yon fanmi Naomi. Pitit gason yo a, Obèd, te zansèt David ak Kris la. Istwa Rit la byen rakonte konvèsyon yon etranje nan twoupo Izrayèl la. Rit te abandone ansyen bondye li a ak ansyen lavi li pou l reyini avèk fanmi fidèl la pou l sèvi Bondye Izrayèl la (Rit 1:16).

Liv Rit: Chapit 1 dekri lavi Elimèlèk ak fanmi li nan Moab. Aprè lanmò mari yo Nawomi ak Rit te ale Bètleyèm. Chapit 2 egsplike Rit te ale rekòlte nan jaden Boaz. Chapit 3 egsplike kòman Nawomi te anseye Rit pou l te trese flè epi depoze l nan pye Boaz. Chapit 4 se istwa mariaj Rit ak Boaz. Yo te gen yon pitit gason Obèd lineaj kote David ak Kris lan soti.

Rivyè Jouden

Rivyè Jouden an soti depi nan Lanmè Galile a pou ale jis nan Lanmè Mòt la. Rivyè a gen sanswasant kilomèt nan longè epi li se pwodui reyinyon an bann sous dlo ki soti nan Mòn Emon an. Li se rivyè ki pi enpòtan nan Izrayèl.

De evènman enpòtan ki konekte avèk rivyè sa a se lè Senyè a te separe rivyè a pou Izrayèl te kapab travèse a (Joz. 3:14–17) ak batèm Jezikri a (Mat. 3:13–17; 1 Ne. 10:9).

Robowam. *Gade tou nan Salomon*

Nan Ansyen Testaman, pitit gason Wa Salomon an. Li te ranplase papa l epi l te gouvènè nan Jerizalèm pou disèt ane (1 Wa 11:43; 14:21, 31). Pandan gouvènman Robowam nan, wayòm nan te divize ant wayòm Izrayèl la nan nò epi wayòm Jida a nan sid (1 Wa 11:31–36; 12:19–20). Robowam te gouvènè wayòm Jida a.

Sadiseyen. *Gade tou nan Juif yo*

Yon ti yon gwoup pami Juif yo ki plen pouvwa politik. Rezon ki te fè yo popilè, se petèt pou kwayans rijid yo nan obe-yisans lwa Moyiz la avèk je fèmen epi paske yo pa kwè nan egzistans lespri yo ak zanj yo epi tou doktrin Rezirèksyon an ak lavi etènèl la (Mak 12:18–27; Tra. 4:1–3; 23:7–8)

Sajès. *Gade tou nan Konesans; Konpreyasyon; Verite*

Kapasite oubyen don Bondye bay pou moun fè jijman korèk. Yon moun jwenn sajès nan eksperyans ak etid epi lè yo suiv konsèy Bondye. San èd Bondye, lòm pa gen vrè sajès (2 Ne. 9:28; 27:26).

Bondye te bay Salomon sajès, **1 Wa** 4:29–30. Sajès se bagay prensipal la: se poutèt sa, chèche sajès, **Pwov.** 4:7. Yon moun ki gen sajès, li renmen pwòp nanm pa l, **Pwov.** 19:8.

Jezi te pral jwenn nan sajès, **Lik** 2:40, 52. Si nenpòt nan nou manke sajès, se pou l mande Bondye, **Jak** 1:5 (D&A 42:68; I—JS 1:11).

M di w bagay sa yo pou w kapab aprann sajès, **Mozya** 2:17. Aprann sajès pandan w jèn, **Alma** 37:35.

Sen yo pral jwenn sajès ak gran trezò konesans, **D&A** 89:19. Moun ki iyoran dwe imilye tèt li epi priye Senyè a pou l kapab aprann sajès, **D&A** 136:32.

Sakre. *Gade nan Sen (adj); Sentete***Sakrifis.** *Gade tou nan Ekspyasyon, ekspye; Jezikri; Kè brize; San; Sentsèn*

Nan ansyen jou yo, sakrifis te siyifi fè

yon moun oubyen yon bagay sen. Kou-nyeya li vin siyifi yon moun abandone oubyen aksepte pou l pèdi byen mate-ryèl pou Senyè a ak wayòm Li an. Manm Legliz Senyè a yo ta dwe aksepte pou yo sakrifye tout bagay pou Senyè a. Joseph Smith te fè konnen, “yon relijyon ki pa egzije sakrifis nan tout bagay pa janm gen ase pouvwa pou pwodwi lafwa ki nesèsè pou lavi ak sali.” Nan pèspek-tiv etènèl la, benediksyon sakrifis pwo-dwi pi gwo lafwa pase nenpòt bagay yon moun sakrifye.

Lè yo te fin chase Adan ak Èv soti nan Jaden Edenn nan, Senyè a te ba yo lwa sakrifis la. Lwa sa a egzije tou pou yo ofri premye ne twoupo yo kòm sakri-fis. Sakrifis sa a senbolize sakrifis Sèl Pitit Gason Literal Bondye a ta pral fè a (Moyiz 5:4–8). Pratik sa a te kontinye jistan Jezikri te mouri, epi li sispann sakrifis animal kòm yon òdonans levan-jil la (Alma 34:13–14). Nan Legliz la jodi a, manm yo manje sentsèn pen an ak dlo a nan memwa sakrifis Jezikri. Jodi a, manm Legliz Kris yo resevwa kòmandman pou yo ofri yon kè dou ak yon les-pri kontri (3 Ne. 9:19–22). Sa vle di yo enb, repantan epi yo vle obeyi kòmandman Bondye yo.

Abraram te mare pitit gason l lan, Iza-rak epi li te mennen l sou yon lotèl, **Jen.** 22:1–18 (Jakòb 4:5). Ou dwe sakrifye olo-kòs ou yo, **Egz.** 20:24. Animal pou sakrifis yo dwe san tach, **Det.** 15:19–21. Obe-yisans pi bon pase sakrifis, **1 Sam.** 15:22.

Renmen pi enpòtan pase tout olokòs yo ak sakrifis, **Mak** 12:32–33. Nou sann-tifye nan sakrifis Kris la, **Ebre** 10:10–14.

Kris la te ofri tèt li kòm yon sakri-fis pou peche, **2 Ne.** 2:6–7. Dènye gran sakrifis la ap Pitit Gason Bondye a, wi, enfini ak etènèl la, **Alma** 34:8–14. Pa ofri olokòs yo ankò; ofri Bondye yon kè dou ak yon lespri kontri kòm sakri-fis, **3 Ne.** 9:19–20 (Sòm 51:16–17; D&A 59:8).

Jodi a se yon jou sakrifis, **D&A** 64:23 (D&A 97:12). Senyè a aksepte tout moun ki vle sakrifye pou yo obsève alyans

Sal, salte

yo, **D&A** 97:8. Joseph F. Smith te wè lespri moun jis yo, ki te ofri yon sakrifis ki sanble avèk sakrifis Sovè a, **D&A** 138:13. Redanmsyon an vini nan sakrifis Pitit Gason Bondye a sou kwa a, **D&A** 138:35.

Sal, salte. *Gade tou nan* Enjis, enjistis; Enpi; Mechan, mechanste; Peche; Pwòp ak malpwòp

Mank pwòprete espiyèl poutèt dezo-beyisans volontè devan Bondye.

Senyè a ap lave kras pitit fi Siyon yo, **Eza.** 4:4 (2 Ne. 14:4).

Wayòm Bondye a pa salte, **1 Ne.** 15:34 (Alma 7:21). Moun ki sal, y ap rete sal, **2 Ne.** 9:16 (Mòm. 9:14). Kòman w ap santi w, si w ta kanpe devan fotèy jijman Bondye a ak rad ou tache avèk kras, **Alma** 5:22.

Yo dwe toujou rete sal, **D&A** 88:35.

Ki lè m ap repoze, epi pou m netwaye san kras, **Moyiz** 7:48.

Salèm. *Gade tou nan* Jerizalèm; Mèlkisedèk

Vil nan Ansyen Testaman an kote Mèlkisedèk te gouvène a. Li kapab byen te tabli kote Jerizalèm ye jodi a. Non Salèm nan sanble anpil avèk yon mo Ebre ki siyifi "lapè."

Mèlkisedèk, wa Salèm nan te pote pen ak diven, **Jen.** 14:18.

Mèlkisedèk, wa Salèm nan, te yon prèt pou Bondye Ki Pi Wo a, **Ebre** 7:1–2.

Mèlkisedèk te yon wa nan peyi Salèm nan, **Alma** 13:17–18.

Sali. *Gade tou nan* Egzaltasyon; Ekspyasyon, ekspye; Gras; Jezikri; Lanmò, fizik; Lanmò espiyèl; Plan redanmsyon; Redanmtè, restablisman, redanmsyon

Lè yon moun sove anba ni lanmò fizik ak lanmò espiyèl. Gras Bondye pral sove tout moun anba lanmò fizik, akòz lanmò ak Rezirèksyon Jezikri a. Gras Bondye kapab sove chak moun anba lanmò espiyèl, avèk lafwa nan Jezikri. Lafwa sa a manifeste nan lavi moun

ki obeyi lwa ak òdonans levanjil la epi ki sèvi Kris la.

Senyè a se limyè m ak sali m, **Sòm** 27:1. Se limenm sèl ki se wòch mwen ak sali m, **Sòm** 62:2.

Levanjil la se pouvwa Bondye pou sali, **Wom.** 1:16 (D&A 68:4). Devlope sali pa w avèk krent, **Filip.** 2:12. Bondye te chwazi w pou sali, nan Sanktifikasyon, **2 Tes.** 2:13.

Sali gratis, **2 Ne.** 2:4.

Pa gen okenn don pi gran pase don sali a, **D&A** 6:13.

Non Jezikri se sèl non ki pote sali, **Moyiz** 6:52 (Tra. 4:10–12). Nou kwè tout li-manite kapab sove poutèt ekspyasyon Kris la, **AL** 1:3.

Sali timoun: Si w pa vin tounen tankou timoun piti yo, ou p ap antre nan wayòm syèl la, **Mat.** 18:3.

Timoun piti yo gen lavi etènèl tou, **Mozya** 15:25. Batèm bebe se yon abominasyon, epi timoun piti yo vivan nan Kris poutèt Ekspyasyon an, **Mowo.** 8:8–24.

Timoun piti yo rachte akòz Sèl Pitit Literal la; Satan pa kapab tante yo, **D&A** 29:46–47. Timoun dwe aprann levanjil la epi yo dwe batize lè yo gen uitan, **D&A** 68:25–28. Timoun piti yo sanntifye akòz Jezikri, **D&A** 74:7. Lèzòm vin tounen timoun ankò, yo vin inosan, **D&A** 93:38. Tout timoun ki mouri anvan laj responsablite yo sove nan wayòm selès la, **D&A** 137:10.

Timoun yo san tach depi nan fondasyon mond lan, **Moyiz** 6:54.

Sali, Plan. *Gade nan* Plan redanmsyon

Sali pou mò. *Gade tou nan* Jeneyaloji; Liv rapèl; Plan redanmsyon; Sali

Opòtinite moun ki te mouri san resevwa òdonans sali levanjil yo genyen pou yon manm vivan nan Legliz la ki diy fè l pou yo nan tanp yo. Mò yo aprann levanjil la nan mond dèzespri a epi yo kapab aksepte òdonans ki fèt pou yo pandan yo mouri a.

Manm fidèl nan Legliz yo fè rechèch epi yo prepare istwa famiyal pou yo

konnen non ak dat nesans zansèt yo pou yo kapab fè òdonans pou sove yo.

Di prizonye yo, Ale, **Eza.** 49:9 (Eza. 24:22; 1 Ne. 21:9). Pwoklame libète pou kaptif yo, **Eza.** 61:1 (Lik 4:18). Li pral vire kè pitit yo pou yo sonje papa yo, **Mal.** 4:5–6 (3 Ne. 25:5–6; D&A 110:13–16).

Mò yo pral tande vwa Pitit Gason Bondye a, **Jan** 5:25. Poukisa yo batize pou mò yo, **1 Kor.** 15:29. Kris la te preche lespri nan prizon yo, **1 Pyè** 3:18–20. Se poutèt levanjil la te preche pou moun mouri yo, **1 Pyè** 4:6.

Pitit Gason an te vizite lespri nan prizon yo, **D&A** 76:73. Apre sa se redanmsyon moun ki te resevwa pinisyon nan prizon yo, **D&A** 88:99. Pa gen basen batèm sou tè a pou Sen m yo kapab batize pou moun ki mouri yo, **D&A** 124:29. Tout moun ki ta pral aksepté levanjil la si yo pa t mouri, y ap eritye nan wayòm selès la, **D&A** 137:7–10. Pitit Gason Bondye a te parèt pou l deklare libète pou kaptif ki te fidèl yo, **D&A** 138:18.

Tout lespri ki te nan prizon yo te vini, **Moyiz** 7:57.

Sali timoun. *Gade nan Sali*—Sali timoun; Timoun, timoun yo

Salomon. *Gade tou nan* Batcheba; David

Nan Ansyen Testaman an, yon pitit gason David avèk Batcheba (2 Sam. 12:24). Salomon te wa Izrayèl pou kèk tan.

David te lonmen Salomon kòm wa, **1 Wa** 1:11–53. David te rekòmande Salomon pou l mache nan chemen Senyè a, **1 Wa** 2:1–9. Senyè a te pwomèt li yon kè konpreyansif, **1 Wa** 3:5–15. Te fè jijman ant de manman epi konfime manman reyèl la, **1 Wa** 3:16–28. Te resite pwovèb ak chan, **1 Wa** 4:32. Te bati tanp lan, **1 Wa** 6; 7:13–51. Te dedye tanp lan, **1 Wa** 8. Rèn Seba te vizite l, **1 Wa** 10:1–13. Salomon te marye andeyò Izrayèl epi madanm li yo vire kè l nan adorasyon fodye, **1 Wa** 11:1–8. Senyè a te fache kont Salomon, **1 Wa** 11:9–13. Te mouri, **1 Wa** 11:43. David te pwofetize

konsènan glwa gouvènman Salomon an, **Sòm** 72.

Salomon te resevwa anpil madanm ak konkibin, men te gen kèk ladan yo li pa t resevwa nan men Senyè a, **D&A** 132:38 (Jakòb 2:24).

Sam. *Gade tou nan* Leyi, papa Nefi

Nan Liv Mòmmon an, twazyèm pitit gason Leyi a (1 Ne. 2:5). Li te yon nonm jis epi sen ki te chwazi pou l suiv Senyè a (1 Ne. 2:17; 2 Ne. 5:5–6; Alma 3:6).

Samari. *Gade tou nan* Samariten yo

Nan Ansyen Testaman an, kapital wayòm nò Izrayèl la (1 Wa 16:23–24). Poutèt fòs pozisyon militè li ki te sou yon kolin, Asiryen yo pa t kapab kaptire l anvan yo te anvayi l pou twazan (2 Wa 17:5–6). Ewòd te rebati l epi li te rele l Sebas. Nan epòk Nouvo Testaman an, Samari se te non tout distri santral Palestin nan lwès Jouden an.

Samariten yo. *Gade tou nan* Samari

Pèp bibliik ki te viv nan Samari a apre Asiryen yo te fin kaptire wayòm nò Izrayèl la. Samariten yo te mwatye Izrayelit, mwatye Janti. Relijyon yo te yon melanj kwayans ak pratik Juif avèk paganis. Parabol bon Samariten an nan Lik 10:25–37, montre rayiman Juif yo te devlope pou Samariten yo poutèt Samariten yo te apostazyé kite relijyon Izrayelit la. Senyè a te dirije apot yo pou yo ale preche Samariten yo levanjil la (Tra. 1:6–8). Filip te preche pèp Samari a levanjil Kris la avèk siksè epi li te fè anpil mirak pami yo (Tra. 8:5–39).

Samson

Nan Ansyen Testaman an, douzyèm “jij” nan Izrayèl. Li te popilè akòz fòs fizik li, men li pa t gen sajès nan kèk chwa moral ak kèk aksyon (Jij 13:24–16:31).

Samyèl, Lamanit la

Yon pwofèt Lamanit nan Liv Mòmmon Senyè a te voye pou anseye epi pou avèti Nefit yo yon ti tan anvan nesans Sovè a. Samyèl te pwofetize konsènan siy ki gen

Samyèl, pwofèt Ansyen Testaman

rapò avèk nesans epi lanmò Jezikri ak destriksyon Nefit yo (Ela. 13–16).

Samyèl, pwofèt Ansyen Testaman

Pitit gason Èlkana avèk Àn, Samyèl te fèt kòm repons pou priyè manman l (1 Sam. 1). Lè l te timoun li te sou responsablite Eli, gran prèt tabènak Chilo a (1 Sam. 2:11; 3:1). Senyè a te aple Samyèl pandan li te jèn pou l vin tounen yon pwofèt (1 Sam. 3). Apre lanmò Eli, Samyèl te vin tounen gran pwofèt ak jij Izrayèl epi li te retabli lwa a, lòd, ak adorasyon regilye nan peyi a (1 Sam. 4:15–18; 7:3–17).

1 Samyèl 28:5–20 gen istwa Samyèl, majisyen Andò a te resite l pami mò yo, sou demand Wa Sayil. Se pa t ap kapab yon vizyon ki soti bò kote Bondye, paske yon majisyen oubyen nenpòt lòt entèmèdyè espirityèl pa ta kapab enfluyansè yon pwofèt sou demand li.

Liv 1 ak 2 Samyèl yo: Nan kèk Bib, liv 1 ak 2 Samyèl yo fè yon sèl liv. Nan kèk lòt liv yo fè de liv. Liv yo kouvri yon peryòd 130 ane anviwon, depi nan nesans Samyèl jis anvan lanmò Wa David.

Liv 1 Samyèl la: Chapit 1–3 fè konnen Senyè a te modi epi li te pini fanmi Eli a epi li te aple Samyèl kòm gran prèt ak jij. Chapit 4–6 rakonte kòman Bwat alyans lan te tonbe nan men Filisten yo. Chapit 7–8 anrejistre avètisman Samyèl konsènan lè moun gen fodye ak wa mechan. Chapit 9–15 dekri kouwònman Sayil ak gouvènman l kòm wa. Chapit 16–31 rakonte istwa David epi lè li pran pouvwa a—Samyèl te kouwone David ki te touye Golyat la. Sayil te rayi David, men David te refize touye Sayil malgre li te gen opòtinite pou l fè sa.

Liv 2 Samyèl la: Liv la gen detay konsènan gouvènman David kòm wa Jida epi finalman kòm wa tout Izrayèl. Chapit 1–4 montre yon lit long ant patizan David yo, apre Jida te fin kouwone l, ak patizan Sayil yo. Chapit 5–10 montre David vin pisan nan anpil peyi. Chapit 11–21 montre dekadans fòs espirityèl David pou tèt peche l yo ak rebelyon nan pwòp

fami l. Chapit 22–24 dekri lè David te eseye rekonsilye avèk Senyè a.

San. *Gade tou nan* Ekspyasyon, ekspye; Jezikri; Sakrifis

Ansyen Izrayelit yo ak anpil lòt kilti jodi a konsidere l kòm syèj lavi a oubyen enèji vital tout kò. Nan epòk Ansyen Testaman an, Senyè a te defann Izrayèl manje san kòm nouriti (Lev. 3:17; 7:26–27; 17:10–14).

Se nan san an pouvwa ekspyatwa a te ye, paske san an te konsidere kòm lesansyèl pou lavi a. Sakrifis animal la Ansyen Testaman an te yon senbòl pou gran sakrifis Jezikri te gen pou l fè a (Lev. 17:11; Moyiz 5:5–7). San ekspyatwa Jezikri a netwaye moun ki repanti anba peche (1 Jn. 1:7).

Swè li te tankou gwo gout san, **Lik** 22:44. San Kris ki te koule a sanntifye nou, **Ebre** 10:1–22.

San te soti nan chak pò, **Mozya** 3:7 (D&A 19:18).

San Senyè a te koule pou padon peche yo, **D&A** 27:2. Jezi te fè yon ekspyasyon pafè lè san l te koule a, **D&A** 76:69.

San an ak sanntifye w, **Moyiz** 6:60.

San finisman. *Gade tou nan* Bondye, Divinite

Youn nan non Bondye yo, ki endike nati etènèl Li (D&A 19:10–12; Moyiz 1:3; 7:35).

Sanedren. *Gade tou nan* Juif yo

Sena Juif la epi pi gran tribinal Juif pou zafè sivil ak zafè eklezzyastik. Sanedren an gen 71 manm ki chwazi pami chèf prèt yo, skrib yo, ak ansyen yo. Nan ekriti yo, souvan yo rele l komite a (Mat. 26:59; Mak 14:55; Tra. 5:34).

Sanktifikasyon. *Gade tou nan* Ekspyasyon, ekspye; Jezikri; Jistifikasyon, jistifye

Chanjman moun pase pou yo vin libere anba peche, pi, pwòp, epi pou yo vin sen akoz Ekspyasyon Jezikri a (Moyiz 6:59–60).

Bondye te chwazi w pou sali akoz

sanktifikasyon Lespri a, **2 Tes.** 2:13. Nou sanntifye paske Jezi te ofri kò l, **Ebre** 10:10. Jezi te soufri poul kapab sanntifye pèp la avèk pwòp san pa l, **Ebre** 13:12.

Gran prèt yo te sanntifye epi rad yo te lave blan nan san Ti Mouton an, **Alma** 13:10–12. Sanktifikasyon vin jwenn moun ki livre kè yo bay Bondye, **Ela.** 3:33–35. Repanti pou w kapab sanntifye lè w resevwa Sentespri a, **3 Ne.** 27:20.

Sanktifikasyon nan gras Jezikri li jis epi li vrè, **D&A** 20:31. Jezi te vini pou l sanntifye mond lan, **D&A** 76:41. Sanktifye tèt ou pou panse w kapab fikse sou Bondye, **D&A** 88:68.

Sansyalite, sansyèl. *Gade tou nan*

Adiltè; Chastete; Fònikasyon; Imoralite seksyèl; Konvwate, konvwatiz

Atachman oubyen dezi pou plezi fizik ki pa jis, sitou imoralite sansyèl.

Madanm mèl li te gen je sou Josèf, **Jen.** 39:7.

Nenpòt moun ki gade yon fi avèk anvi, li deja fè adiltè, **Mat.** 5:28 (3 Ne. 12:28). Evite anvi chanèl yo, k ap fè nanm nou lagè, **1 Pyè** 2:11. Anvi chanèl ak anvi je yo pa soti nou Papa a, **1 Jn.** 2:16.

Sispann pousuiv anvi je w yo, **Alma** 39:9.

Akoz transgresyon lalwa sen sa yo, lòm devni sansyèl, **D&A** 20:20. Si nenpòt moun komèt adiltè nan kè li, li p ap gen Lespri a, **D&A** 63:16. Sispann avèk tout anvi fizik nou yo, **D&A** 88:121.

Lèzòm te kòmanse vin chanèl, sansyèl, epi dyabolik, **Moyiz** 5:13 (*Mozya* 16:3; *Moyiz* 6:49).

Sante. *Gade nan* Pawòl Sajès

Santi. *Gade tou nan* Sentespri

Santi enfliyan Lespri a.

Ou te san santiman, se sa ki fè w pa t kapab santi pawòl li yo, **1 Ne.** 17:45. Lè w santi l ap devlope, w ap kòmanse di se yon bon semans, **Alma** 32:28.

W ap santi li se byen, **D&A** 9:8. Tout moun ki antre nan kay Senyè a kapab santi pouvwa w, **D&A** 109:13.

Santinèl, veye. *Gade tou nan* Avèti, avètisman

Vijilans, siveye. Yon moun ki veye epi ki obeyi, li pre epi li prepare. Siveyan yo se dirijan reprezantan Senyè a yo bay apèl pou yo pran responsablite pou byennèt lòt moun prezizeman. Moun ki resevwa apèl kòm dirijan, yo gen responsablite detèmine pou yo sèvi kòm siveyan pou rès mond lan.

M te fè w tounen yon siveyan, **Ezek.** 3:17–21. Siveyan ki leve vwa yo pou yo avèti, yo sove pwòp nanm pa yo, **Ezek.** 33:7–9.

Veye: paske w pa konnen ki lè Senyè w la pral vini, **Mat.** 24:42–43 (*Mat.* 25:13; *Mak* 13:35–37; *D&A* 133:10–11). Veye epi priye pou w pa tonbe nan tantasyon, **Mat.** 26:41 (3 Ne. 18:15, 18).

Si w pa veye tèt ou, panse w yo, pawòl ou yo, aksyon w yo, ou dwe peri, **Mozya** 4:30. Alma te òdone prèt ak ansyen pou prezide epi pou veye sou legliz la, **Alma** 6:1.

Yon moun ki pa veye pou Sovè a, l ap rejte, **D&A** 45:44. Bondye bay evèk la ak lòt moun apèl epi li òdone yo pou veye sou Legliz, **D&A** 46:27. Senyè a te tabli siveyan sou jaden an, **D&A** 101:44–58.

Santiryon

Yon ofisye nan lame Women an ki kòmande yon konpayi ant senkant a san gason. Yon lame konsa fòme yon swasantyèm pati nan yon lejyon Women. (*Gade nan* **Mat.** 8:5; **Lik** 23:47; **Tra.** 10:1–8.)

Sara. *Gade tou nan* Abraram

Nan Ansyen Testaman an, premye madanm Abraram nan. Lè li te granmoun li te vin tounen manman Izarak (**Jen.** 18:9–15; 21:2).

Sariya. *Gade tou nan* Leyi, papa Nefi

Nan Liv Mòmmon an, madanm Leyi (1 Ne. 5:1–8; 8:14–16; 18:19) epi manman Laman, Lemyèl, Sam, Nefi, Jakòb, Jozèf, ak pitit fi yo (1 Ne. 2:5; 2 Ne. 5:6).

Satan. *Gade nan* Dyab

Sayil, wa Izrayèl

Sayil, wa Izrayèl

Nan Ansyen Testaman an, premye wa Izrayèl la anvan l te divize. Byenke li te jis nan kòmansman gouvènman l lan, alafen li te vin chaje avèk lògèy epi li te dezobeyisan devan Bondye (1 Sam. 9–31).

Sayil Tasis la. *Gade nan Pòl*

Sedesyas. *Gade tou nan Milèk*

Nan Ansyen Testaman an, dènye wa Jida a (2 Wa 24:17–20; 25:2–7). Sedesyas te anprizone pwofèt ki te rele Jeremi an (Jer. 32:1–5), epi Jeremi te pwofetize kaptivite Sedesyas la (Jer. 34:2–8, 21). Leyi ak fanmi l te abite nan Jerizalèm pandan premye ane gouvènman Sedesyas la (1 Ne. 1:4). Tout pitit gason Sedesyas yo te mouri, eksepte youn nan pitit gason li yo; Milèk, pitit gason l lan te chape ale nan Emisfè Lwès la (Jer. 52:10; Omni 1:15; Ela. 8:21).

Sefora. *Gade tou nan Moyiz*

Nan Ansyen Testaman an, madanm Moyiz epi pitit fi Jetwo (Egz. 2:21; 18:2).

Sele, sèlman. *Gade tou nan Eli (Pwofèt Ansyen Testaman an); Odonans yo; Prètriz*

Lè moun rann òdonans ki fèt avèk otorite prètriz yo sou tè a valab nan syèl. Odonans yo sele lè yo resevwa apwobasyon Lespri Sen Pwomès la, ki se Sentespri a nan sen tanp lan ki se kay Senyè a.

Nenpòt bagay ou mare soutè a, ap mare nan syèl la, **Mat.** 16:19 (Mat. 18:18; D&A 124:93; 132:46). Lespri Sen Pwomès la te sele w, **Efe.** 1:13.

M ba w pouvwa, konsa, nenpòt bagay ou sele sou tè a pral sele nan syèl la, **Ela.** 10:7.

Yo resevwa pouvwa pou yo sele ni sou tè a ni nan syèl la, **D&A** 1:8. Lespri Sen Pwomès la sele moun yo ki nan glwa selès la, **D&A** 76:50–70. Eli te remèt kle pouvwa sèlman an nan men Joseph Smith, **D&A** 110:13–16. Se pouvwa ki sele epi ki mare a sa, **D&A** 128:14. Pi bon siyifikasyon mo pwofesi a vle di lè yon moun konnen li sele pou lavi etènèl,

D&A 131:5. Tout alyans Lespri Sen Pwomès pa sele ap fini lè lèzòm mouri, **D&A** 132:7. Gran travay ki dwe fèt nan tanp yo anbrase sèlman pitit yo avèk paran yo tou, **D&A** 138:47–48.

Selibatè. *Gade nan Maryaj, marye*

Sen (adj). *Gade tou nan Pi, pite; Sanktifikasyon; Sentete*

Sakre, lè yon moun gen karaktè Bondye, oubyen lè l pi espirityèlman ak moralman. Kontrè a se òdinè ak pwofan.

Ou pral yon wayòm prèt, ak yon nasyon sen pou mwen, **Egz.** 19:5–6 (1 Pyè 2:9). Senyè a te kòmande Izrayèl: Ou dwe sen, paske m sen, **Lev.** 11:44–45. Moun ki gen men pwòp ak kè pi, y ap kanpe nan kote li a, ki sen, **Sòm** 24:3–4. Anseye pèp mwen an diferans ant sen ak pwofan, **Ezek.** 44:23.

Bondye te ban nou yon apèl sen, **2 Tim.** 1:8–9. Depi w te timoun ou te konnen ekriti sen yo, **2 Tim.** 3:15. Moun sen Bondye yo pale lè Sentespri a anime yo, **2 Pyè** 1:21.

Tout moun dwe jije dapre verite ak sentete ki nan Bondye, **2 Ne.** 2:10. Moun natirèl vin tounen Sen nan ekspeyasyon Kris la, **Mozya** 3:19. Mache dapre lòd sen Bondye, **Alma** 7:22 (Alma 13:11–12). Twa disip te sanntifye nan kò yo epi yo te vin sen, **3 Ne.** 28:1–9, 36–39.

Pa badine avèk bagay ki sakre, **D&A** 6:12. Ou pa kapab ekri bagay ki sakre san m pa ba w li, **D&A** 9:9. Ou dwe oblije tèt ou pou aji avèk sentete total, **D&A** 43:9. Disip mwen yo ap kanpe nan kote ki sen, **D&A** 45:32. Bagay ki soti nan syèl la sakre, **D&A** 63:64. Timoun piti yo sen, **D&A** 74:7. Konsakre plas sa a epi li pral vin sanntifye, **D&A** 124:44.

Senyè a pral rasanble moun li chwazi yo nan yon vil sen, **Moyiz** 7:62.

Sen (non). *Gade tou nan Kretyen yo; Legliz Jezikri; Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo*

Yon manm fidèl nan Legliz Jezikri a.

Rasanble Sen m yo ansanm pou mwen, **Sòm** 50:5.

Sayil te fè Sen yo anpil mechanste nan Jerizalèm, **Tra.** 9:1–21. Pyè te desann tou, kote Sen yo ki te abite nan Lida, **Tra.** 9:32. Gras ak lapè pou tout moun nan Wòm, ki gen apèl pou yo vin Sen, **Wom.** 1:7. Ou se konsitwayen avèk Sen yo, **Efe.** 2:19–21.

M te wè legliz Ti Mouton an, ki te Sen Bondye, **1 Ne.** 14:12. Lòm natirèl se enmi Bondye si li pa vin tounen yon sen akoz ekspyasyon Kris la, **Mozya** 3:19.

Mwenmenm Senyè a, m te beni peyi a pou sèvi Sen m yo, **D&A** 61:17. Satan fè lagè avèk Sen bondye yo, **D&A** 76:28–29. Travay avèk dilijans pou prepare Sen yo pou jijman ki pral vini an, **D&A** 88:84–85. Sen yo ta dwe bay pòv yo ak moun aflije yo nan byen yo, **D&A** 105:3. Ofis sa yo te tabli pou travay ministè a ak pèfeksyonman Sen mwen yo, **D&A** 124:143 (**Efe.** 4:12).

Sen Izrayèl la. *Gade nan Jezikri*

Sen tout sen yo. *Gade tou nan Tabènak; Tanp, kay Senyè a*

Sal ki pi sakre nan tabènak Moyiz la epi apre sa, nan tanp lan. Yo rele Pi Sen Pase Sen yo tou “kote ki pi sen an” (**Egz.** 26:33–34).

Senbòl

Lè moun itilize yon bagay kòm resanblans oubyen imaj yon lòt bagay. Senbòl nan ekriti yo itilize yon objè, yon evènman oubyen yon sikonstans familye pou reprezante yon prensip oubyen yon anseyman nan levanjil la. Paregzanp, Pwofèt Alma ki nan Liv Mòmou an itilize yon semans pou l reprezante pawòl Bondye (**Alma** 32).

Nan tout ekriti yo, gen pwofèt ki itilize senbòl pou yo anseye konsènan Jezikri. Kèk nan senbòl sa yo anbrase seremoni ak òdonans (**Moyiz** 6:63), sakrifis (**Ebre** 9:11–15; **Moyiz** 5:7–8), sentsèn nan (**TJS**, **Mak** 14:20–24 [**Apendis**]; **Lik** 22:13–20), ak batèm (**Wom.** 6:1–6; **D&A** 128:12–13). Anpil non nan Bib la senbolik. Seremoni tabènak nan Ansyen Testaman an ak Iwa Moyiz la te reprezante verite etènèl (**Ebre** 8–10; **Mozya** 13:29–32; **Alma** 25:15; **Ela.** 8:14–15). Pou lòt egzanzp, gade

nan **Matye** 5:13–16; **Jan** 3:14–15; **Jakòb** 4:5; **Alma** 37:38–45.

Sentespri. *Gade tou nan* Batèm, batize; Bondye, Divinite; Don Sentespri; Enspirasyon, enspire; Kolonb, Siy; Konsolatè; Peche enpadonab; Revelasyon; Sentespri pwomès la

Twazyèm manm nan Divinite a (1 **Jn.** 5:7; **D&A** 20:28). Li se yon pèsouaj Lespri, paske li pa genyen yon kò fizik avèk san (**D&A** 130:22). Souvan moun fè referans a Sentespri a kòm Lespri a, oubyen Lespri Bondye.

Sentespri a ranpli anpil wòl vital nan plan sali a. (1) Li rann temwayaj konsènan Papa a ak Pitit Gason an (1 **Kor.** 12:3; 3 **Ne.** 28:11; **Etè** 12:41). (2) Li revele verite tout bagay (**Jan** 14:26; 16:13; **Mowo.** 10:5; **D&A** 39:6). (3) Li sanntifye moun ki repanti epi ki vin batize (**Jan** 3:5; 3 **Ne.** 27:20; **Moyiz** 6:64–68). (4) Li se Lespri Sen Pwomès la (**D&A** 76:50–53; 132:7, 18–19, 26).

Pouvwa Sentespri a kapab vin sou yon moun anvan batèm, pou temwaye l levanjil la se verite. Men, dwa pou yon moun gen konpayi Sentespri a tout tan, se yon don moun nan kapab resevwa sèlman anba enpozisyon men yon lòt moun ki gen Prètèriz Mèlkisedèk, lè l fin resevwa batèm otorize nan vrè Legliz Jezikri a.

Jezi te anseye nou tout peche kapab padone eksepte blasfèm kont Sentespri a (**Mat.** 12:31–32; **Mak** 3:28–29; **Lik** 12:10; **Ebre** 6:4–8; **D&A** 76:34–35).

Lespri a fè lèzòm mache sou regleman Bondye, **Ezek.** 36:27.

Apot yo te resevwa otorite pou yo batize moun nan non Papa a, Pitit Gason an, ak Sentespri a, **Mat.** 28:19. Sentespri a pral anseye w tout bagay, **Jan** 14:26. Moun sen yo te pale dapre jan Sentespri a te anime yo, **2 Pyè** 1:21.

Lespri a te dirije Nefi, **1 Ne.** 4:6. Mistè Bondye yo pral louvri devan yo akoz pouvwa Sentespri a, **1 Ne.** 10:17–19. Sentespri a montre tout bagay ou ta dwe fè, **2 Ne.** 32:5. Avèk pouvwa Sentespri a ou

Sentespri pwomès la

kapab konnen verite ki nan tout bagay, **Mowo.** 10:5.

Sentespri a pral di w nan panse w ak nan kè w, **D&A** 8:2. Lespri a dirije moun nan byen, **D&A** 11:12. Sentespri a konnen tout bagay, **D&A** 35:19. Sentespri a anseye bagay pèzib ki nan wayòm nan, **D&A** 36:2 (**D&A** 39:6). Si w pa resevwa Lespri a, pa anseye, **D&A** 42:14. Sentespri a rann temwayaj de Papa a ak Pitit Gason an, **D&A** 42:17 (1 Kor. 12:3; 3 Ne. 11:32, 35–36). Gen kèk moun Sentespri a bay mwayen pou yo konnen Jezikri se Pitit Gason Bondye a, **D&A** 46:13. Nenpòt sa yo di lè Sentespri a anime yo sa ap ekriti, **D&A** 68:4. Sentespri a pral devèse pou l rann temwayaj de tout bagay ou pral di, **D&A** 100:8. Sentespri a pral konpayon w tout tan, **D&A** 121:45–46.

Sentespri pwomès la. *Gade tou nan*
Sentespri

Sentespri a se Lespri Sen Pwomès la (Tra. 2:33). Selon akseptasyon Bondye, li konfime aksyon ki jis, òdonans epi alyans lèzòm. Lespri Sen Pwomès la rann Papa a temwayaj pou fè konnen òdonans pou sove moun yo te byen fèt epi moun yo respekte alyans ki asosye avèk òdonans sa yo.

Moun Lespri Sen Pwomès la sele, y ap resevwa tout sa Papa a genyen, **D&A** 76:51–60 (Efe. 1:13–14). Lespri Sen Pwomès la dwe sele tout alyans ak pèfòmans pou yo kapab valab apre lavi sa a, **D&A** 132:7, 18–19, 26.

Sentete. *Gade tou nan* Pi, pite;
Sanktifikasyon; Sen (adj)

Pèfeksyon moral ak espirityèl. Sentete endike pite ak entansyon ki nan kè yon moun.

Manm yo dwe mache avèk sentete devan Senyè a pou yo kapab montre yo diy pou Legliz la, **D&A** 20:69. Kay Senyè a se yon kote pou sentete, **D&A** 109:13.

Lòm Sentete se youn nan non Bondye, **Moyiz** 6:57 (Moyiz 7:35).

Sentsèn. *Gade tou nan* Batèm, batize; Dènye Soupe; Dlo Vivan; Ekspyasyon, ekspye; Jezikri; Kwa; Pen Lavi a; Sakrifis

Pou Sen Dènye Jou yo, *sentsèn nan fè moun yo panse a* òdonans lè moun manje pen ak dlo nan memwa sakrifis ekspyawa Kris la. Pen kase a reprezante kò L ki te kase; dlo a reprezante san Li te koule pou L te ekspye peche nou yo (1 Kor. 11:23–25; **D&A** 27:2). Lè manm diy nan Legliz yo manje sentsèn nan, yo pwomèt pou yo pran non Kris la sou tèt yo, pou yo toujou sonje L, epi pou yo respekte kòmandman Li yo. Nan òdonans sa a, manm Legliz yo renouvle alyans batèm yo.

Pandan Dènye Soupe a, Jezi te espliche òdonans sentsèn nan pandan Li t ap manje avèk Douz Apot yo (**Mat.** 26:17–28; **Lik** 22:1–20).

Jezi te pran pen epi li te beni l; li te pran tas la epi li te bay remèsiman, **Mat.** 26:26–28 (**Mak** 14:22–24; **Lik** 22:19–20). Nenpòt moun ki manje kò m epi ki bwè san m gen lavi etènèl, **Jan** 6:54. Yon moun ki manje epi ki bwè san diyite, li manje epi li bwè kondanasyon pou nanm li, **1 Kor.** 11:29 (3 Ne. 18:29).

Jezi te anseye douz disip Nefit li yo konsènan sentsèn nan, **3 Ne.** 18:1–11. Jezi te anseye disip sa yo pou yo anpeche moun endiy manje sentsèn nan, **3 Ne.** 18:28–29 (**Mòm.** 9:29). Priyè sentsèn yo te tabli, **Mowo.** 4–5 (**D&A** 20:75–79).

Se prèt oubyen ansyen ki dwe administre sentsèn nan, **D&A** 20:46, 76. Enstriktè ak dyak pa gen otorite pou beni sentsèn nan, **D&A** 20:58. Moun kapab itilize lòt likid ki pa diven pou sentsèn, **D&A** 27:1–4.

Senyè a. *Gade tou nan* Bondye,
Divinite; Jezikri

Yon tit ki montre respè pwofon ak onè pou Papa Bondye ak Sovè a, Jezikri. Tit la bay referans pou pozisyon Yo kòm mèt siprèm, emab sou tèt kreyasyon an.

Anyen pa twò di pou Senyè a, **Jen.** 18:14. Senyè a te pale avèk Moyiz

fasafas, **Egz.** 33:11. Ou dwe renmen Senyè Bondye w la, **Det.** 6:5 (Mat. 22:37; Mak 12:30). Kanta pou mwen ak moun lakay mwen, n ap sèvi Senyè a, **Joz.** 24:15. Senyè a se bèje m, **Sòm** 23:1. Senyè a fò epi li pwisan, li pwisan nan batay, **Sòm** 24:8. Senyè Jewova a se fòs mwen, **Eza.** 12:2 (2 Ne. 22:2). Mwenmenm Senyè a, m se Sovè w epi Redanmtè w, **Eza.** 60:16.

Ou dwe adore Senyè Bondye w la, **Mat.** 4:10 (Lik 4:8). Bagay Senyè a te fè yo gran anpil, **Mak** 5:19. Gen yon sèl Senyè, Jezikri, **1 Kor.** 8:6. Gen yon sèl Senyè, yon sèl fwa, yon sèl batèm, **Efe.** 4:5. Senyè a poutèl pa l li pral desann soti nan syèl la, **1 Tes.** 4:16.

M prale pou m fè bagay Senyè a te kòmande m yo, **1 Ne.** 3:7. Senyè a pral jije pòv yo avèk jistis, **2 Ne.** 30:9. Senyè Bondye a, Bondye Abraram nan te delivre Izrayelit yo soti nan esklavaj, **Alma** 29:11. Anyen pa kapab sove pèp la eksepte repantans ak lafwa nan Senyè a, **Ela.** 13:6 (Mozya 3:12).

Koute pawòl Jezikri, Senyè w la, **D&A** 15:1. Chèche prezans Senyè a tout tan, **D&A** 101:38. Senyè a pral wouj nan aparans li nan Dezyèm vini li a, **D&A** 133:48 (Eza. 63:1–4).

Abraram te pale avèk Senyè a fasa-fas, **Abr.** 3:11. Nou kwè premye prensip levanjil la se lafwa nan Senyè Jezikri a, **AL** 1:4.

Senyè Tout Lame yo. *Gade tou nan Jezikri*

Yon lòt non pou Jezikri. Li gouvène sou tèt lame nan syèl yo ak sou tè a epi li dirije jis yo lwen malè (D&A 29:9; 121:23).

Senyè tout Lame yo se Wa laglwa a, **Sòm** 24:10.

Bondye Izrayèl la se Senyè tout Lame yo, **1 Ne.** 20:2.

Lespri m p ap toujou lite avèk lòm, se sa Senyè tout Lame yo te di, **D&A** 1:33.

Seza

Nan Nouvo Testaman an, tit kèk anperè Women te genyen. Nan ekriti yo, yo itilize l kòm yon senbòl gouvènman

mondèn oubyen yon senbòl pouvwa oubyen lajan.

Bay Seza bagay ki pou Seza, **Mat.** 22:21 (Mak 12:17; Lik 20:25; D&A 63:26).

Sè. *Gade tou nan* Fi, fi yo; Frè, frè yo; Lèzòm, lòm

Kòm pitit Papa nou ki nan Syèl la, tout gason ak tout fi se frè ak sè espiritiyèl. Nan Legliz la, lè y ap pale ak fi ki manm yo ak fi ki zanmi Legliz la yo di sè.

Moun ki fè volonte Papa m se moun sa yo ki frè m ak sè m, **Mat.** 12:50 (Mak 3:35).

Lwa ki gouvène konfesyon peche ant frè yo ak sè yo nan Legliz la tabli, **D&A** 42:88–93.

Sèl

Yo itilize l kòm yon sibstans enpòtan pou konsève bay manje gou nan ansyen mond lan; yo te konsidere l kòm esansyèl pou lavi.

Madanm Lo te vin tounen yon pilye sèl, **Jen.** 19:26.

Ou se sèl tè a, **Mat.** 5:13 (Lik 14:34; 3 Ne. 12:13).

Pèp nan Senyè a konsidere kòm sèl tè a, **D&A** 101:39–40. Si Sen yo pa sove lèzòm, yo tankou sèl ki pèdi gou l, **D&A** 103:9–10.

Sèm. *Gade tou nan* Noye, patriyach bibliik

Nan Ansyen Testaman an, yon pitit gason Noye ki te jis epi dapre sa tradisyon di, li se zansèt Pèp Sèmit yo, avèk Arab yo, Ebre yo, Babilonyen yo, Siryen yo, Fenisyen yo, epi Asiryen yo (Jen. 5:29–32; 6:10; 7:13; 9:26; 10:21–32; Moiz 8:12). Nan revelasyon dènye jou yo, yo refere Sèm kòm “gran gran prèt la” (D&A 138:41).

Sèmman. *Gade tou nan* Alyans; Sèmman ak alyans prèttriz la

Jan l itilize nan ekriti yo, jeneralman yon alyans sakre oubyen pwomès. Sepandan, moun mechan yo, Satan ak zanji li yo tou, yo fè sèmman pou yo akonpli objektif mechan yo genyen. Nan epòk Ansyen Testaman an, sèmman te akseptab;

Sèman ak alyans prèttriz la

sepanndan, Jezikri fè konnen moun pa dwe sèman nan non Bondye oubyen kreyasyon L yo (Mat. 5:33–37).

M pral akonpli alyans m te sèman devan Abraram nan, **Jen.** 26:3. Si yon nonm fè yon sèman pou l lye nanm li, li pa dwe vyole l, **Nonb** 30:2. Yo te fè yon sèman pou yo mache nan lwa Bondye, **Ney.** 10:29.

Ou akonpli sèman w devan Senyè a, **Mat.** 5:33 (Ekl. 5:4–5; 3 Ne. 12:33). Bondye te sèman pou fidèl yo sove, **Ebre** 6:13–18.

Lè Zoram te fè sèman nou te sispann krent, **1 Ne.** 4:37. Pèp Amon an te fè sèman pou yo pa t janm koule san, **Alma** 53:11. Nefit mechan yo te fè sèman ak alyans sekre avèk Satan, **Ela.** 6:21–30.

Lèzòm gen lavi etènèl nan sèman ak alyans prèttriz la, **D&A** 84:33–42. Tout alyans, kontra, lyen, obligasyon, ak sèman Lespri Sen Pwomès la pa sele, yo fini lè lèzòm mouri, **D&A** 132:7.

Sèman ak alyans prèttriz la. *Gade tou nan Alyans; Prèttriz; Sèman*

Yon sèman se lè yon moun afime pou l kenbe pwomès li. Yon alyans se yon pwomès sakre ant de pati. Se sèlman nan alyans moun resevwa Prèttriz Aawon an. Moun resevwa Prèttriz Mèlkisedèk la nan sèman vèbal ak nan alyans tou. Si detantè prèttriz yo fidèl epi yo mayifey apèl yo jan Bondye mande a, Li beni yo. Moun ki fidèl jiska lafen epi ki fè tout bagay Li mande yo, y ap resevwa tout sa Papa a genyen (**D&A** 84:33–39).

Senyè a te fè alyans avèk Abraram, epi Abraram te obeyi, **Jen.** 15:18; 17:1; 22:16–18. Prèt yo pandan epòk Ezekyel la pa t noui twoupo a, **Ezek.** 34:2–3. Prèt yo pandan epòk Malachi a te kowonpi alyans lan, **Mal.** 1–2.

Sèman. *Gade nan Blasfèm, blasfeme; Pwofanasyon; Sèman*

Sèpan eren. *Gade tou nan Jezikri; Moyiz*

Yon sèpan eren Bondye te kòmande Moyiz fè pou geri Izrayelit yo sèpan

flanbe (sèpan pwazonen) yo te mòde nan dezè a (**Nonb** 21:8–9). Sèpan eren sa a te tache nan yon poto “kanpe pou tout moun leve tèt gade l kapab viv” (**Alma** 33:19–22). Senyè a refere zafè leve sèpan an nan dezè a kòm yon senbòl pou tèt pa Li ki leve sou kwa a (**Jan** 3:14–15). Revelasyon dènye jou konfime istwa move sèpan yo ak kòman pèp la te geri (**1 Ne.** 17:41; **2 Ne.** 25:20; **Ela.** 8:14–15).

Sèt. *Gade tou nan Adan*

Nan Ansyen Testaman an, yon pitit gason Adan ak Èv ki te jis.

Sèt te yon nonm pafè epi resanblans li te ekspresyon resanblans papa l, **D&A** 107:42–43 (**Jen.** 5:3). Sèt te pami gran yo nan mond dèzespri a, **D&A** 138:40.

Bondye te revele tèt li bay Sèt, **Moyiz** 6:1–3, 8–14.

Sèvis. *Gade tou nan Antrèd; Lanmou, renmen*

Swen yon moun bay oubyen travay yon moun fè pou benefis Bondye ak lòt moun. Lè nou sèvi lòt moun, nou sèvi Bondye tou.

Jodi a, chwazi moun ou vle sèvi a, **Joz.** 24:15.

Otan w fè sa pou pi piti nan pami moun sa yo, ou fè l pou mwen, **Mat.** 25:35–45. Prezante kò w kòm sakrifis vivan, ki vle di, sèvis rezonab ou, **Wom.** 12:1. Avèk lanmou, youn dwe sèvi lòt, **Gal.** 5:13.

Jou w yo dwe pase nan sèvis Bondye w la, **2 Ne.** 2:3. Lè w nan sèvis pwochen w yo, se sèlman nan sèvis Bondye w la ou ye, **Mozya** 2:17. Moun ki posede tè pwomès la, yo dwe sèvi Bondye oubyen l ap bale ye yo, **Etè** 2:8–12.

Moun ki anbake nan sèvis Bondye, yo ta dwe sèvi avèk tout kè yo, **D&A** 4:2. Senyè a te bay kòmandman pou limanite renmen l epi pou yo sèvi l, **D&A** 20:18–19. Ou dwe sèvi Bondye nan non Jezikri, **D&A** 59:5. Mwen menm Senyè a, m pran plèzi m pou m onore moun ki sèvi m, **D&A** 76:5.

Adore Bondye, paske se limenm sèlman ou dwe sèvi, **Moyiz** 1:15.

Sèl pitit literal. *Gade tou nan Jezikri;*
Pitit literal

Yon lòt non pou Jezikri. Li se Sèl Pitit Literal Papa a (Lik 1:26–35; Jan 1:14; 3:16; 1 Ne. 11:18–20; 2 Ne. 25:12; Alma 7:10; 12:33; Moyiz 7:62).

Sikonsizyon. *Gade tou nan Alyans*
Abraram

Senbòl alyans Abraram nan pou gason Izrayelit yo pandan dispansasyon Ansyen Testaman an (Jen. 17:10–11, 23–27; TJS, Jen. 17:11 [Apendis]). Pou fè sikonsizyon, yo te koupe pwent po pluis ti gason yo menm jan ak gran gason yo. Moun ki te resevwa l yo te jwi privilèj epi yo te aksepte responsablite alyans lan. Misyon Kris la te mete bout nan sikonsizyon (Mowo. 8:8; D&A 74:3–7).

Simeyon. *Gade tou nan Izrayèl; Jakòb,*
pitit gason Izarak

Nan Ansyen Testaman an, dezyèm pitit gason Jakòb avèk madanm li an ki te rele Leya (Jen. 29:33; 35:23; Egz. 1:2). Li te mete ansanm avèk Levi nan masak Siche-mit yo (Jen. 34:25–31). Pwofesi Jakòb te fè konsènan Simeyon an nan Jenèz 49:5–7.

Tribi Simeyon an: Souvan, desandan Simeyon yo te konn rete ansanm avèk tribi Jida a andedan fwontyè wayòm Jida a (Joz. 19:1–9; 1 Kwo. 4:24–33). Tribi Simeyon an te mete ansanm avèk Jida pou batay kont Kananeyit yo (Jij 1:3, 17). Apre sa yo te rakonte ansanm avèk lame David yo (1 Kwo. 12:25).

Simon, Kananeyit la

Nan Nouvo Testaman an, youn nan Douz Apot orijinal Jezikri yo (Mat. 10:2–4).

Simon Pyè. *Gade nan Pyè*

Sinagòg. *Gade tou nan Juif yo*

Yon kote moun itilize pou bi relijye. Nan epòk Nouvo Testaman an, jeneralman, founiti yo te senp, avèk yon kòfrefò ki te gen woulo ekriti lalwa a ak kèk lòt ekriti sakre, yon biwo lekti epi chèz pou adoratè yo.

Yon konsèy ansyen lokal te dirije chak sinagòg. Yo te pran desizyon konsènan kiyès ki te kapab antre ak kiyès ki pa t kapab antre (Jan 9:22; 12:42). Fonksyonè ki te pi enpòtan an se te gouvènè sinagòg (Mak 5:22; Lik 13:14). Jeneralman, li te yon save, li te responsab kay la, epi li te sipèvize sèvis yo. Yon asistan te ranpli fonksyon grefye (Lik 4:20).

Te gen yon sinagòg nan chak vil kote Juif yo te viv, ni nan Filisti ak lòt kote yo. se te yon gran èd pou gaye levanjil Jezikri a paske, abityèlman, premye misyonè Legliz yo te kapab pale nan sinagòg yo (Tra. 13:5, 14; 14:1; 17:1, 10; 18:4). Menm pratik sa a egziste pami misyonè yo nan Liv Mòmnon an (Alma 16:13; 21:4–5; 32:1) otan pami premye misyonè yo nan dispansasyon sa a tou (D&A 66:7; 68:1).

Sinayi, Mòn. *Gade tou nan Lwa*
Moyiz; Moyiz

Yon mòn ki sou Prèskil Sinayi a pre kote Moyiz ak Izrayelit yo te kanpe twa mwa apre egzòd yo an Ejipt; li pote non Mòn Òrèb tou (Egz. 3:1). Se la Bondye te bay Moyiz lwa li pou kay Izrayèl la; se la tou tabènak la te bati (Egz. 19:2; 20:18; 24:12; 32:15).

Siris

Nan Ansyen Testaman an, wa Peyi Pès la ki te akonpli pwofesi Ezayi a (2 Kwo. 36:22–23; Eza. 44:28; 45:1) lè l te kite Juif yo tounen nan Jerizalèm pou yo bati tanp la, konsa kaptivite Babilòn nan te fini pasyèlman. Pwofesi Ezayi a te fèt 180 ane anviwon, anvan desizyon wa a.

Siy. *Gade tou nan Legliz, siy verite a;*
Mirak; Siy tan yo

Yon evènman oubyen eksperyans moun konsidere kòm evidans oubyen prèv pou yon bagay. Jeneralman youn siy se yon manifestasyon mirak ki soti kote Bondye. Satan gen pouvwa tou pou l montre siy, nan kèk kondisyon. Sen yo dwe chèche don Lespri yo, men yo pa dwe chèche siy pou satisfè kiryozi oubyen pou sipòte lafwa. Okontrè Senyè

Siy Nesans ak Lanmò Jezikri

a bay siy lè se nesèsè pou moun ki kwè (D&A 58:64).

Senyè a limenm pral ba w yon siy, **Eza.** 7:14 (2 Ne. 17:14). Bondye akonpli siy ak mèvèy nan syèl la ak sou tè a, **Dan.** 6:27.

Yon jenerasyon mechan epi adiltè chèche siy, **Mat.** 12:39 (Mat. 16:4; Lik 11:29). Siy sa yo pral suiv moun ki kwè, **Mak** 16:17 (Mòm. 9:24; Etè 4:18; D&A 84:65).

Cherèm te mande yon siy, **Jakòb** 7:13–20. Koriyò te mande yon siy, **Alma** 30:48–60. Montre nou yon siy, apre sa n ap kwè, **Alma** 32:17. Pi gran pati nan pèp la te kwè nan siy ak mèvèy, **3 Ne.** 1:22. Moun bliye siy yo ak mèvèy yo, **3 Ne.** 2:1. Ou pa resevwa temwayaj anvan la-fwa w teste, **Etè** 12:6.

Pa rekòmande mirak san m pa kòmande, **D&A** 24:13. Fwa pa vini nan siy, men fwa suiv moun ki kwè, **D&A** 63:7–11.

Nan jou sa yo pral gen fo Kris ki pral leve, ak fo pwofèt, epi yo pral montre gran siy ak gran mèvèy, **M—JS** 1:22.

Siy Nesans ak Lanmò Jezikri. *Gade tou nan Jezikri*

Evènman ki akonpaye nesans ak lanmò Jezikri a.

Nesans: Yon vyèj pral ansent epi l ap fè yon pitit gason, **Eza.** 7:14. Dirijan Izrayèl la pral soti nan Bètleyèm, **Miche** 5:2.

Samyèl, Lamanit la te pwofetize konsènan yon jou, yon nuit, epi yon jou klere; yon nouvo etwal; epi kèk lòt siy, **Ela.** 14:2–6. Siy yo te akonpli, **3 Ne.** 1:15–21.

Lanmò: Samyèl, Lamanit la te pwofetize konsènan tenèb, loray ak zeklé, epi tranbleman tè, **Ela.** 14:20–27. Siy yo te akonpli, **3 Ne.** 8:5–23.

Siy tan yo. *Gade tou nan Dènye jou yo; Dezyèm Vini Jezikri; Siy*

Yon eksperyans Bondye bay moun pou montre yon bagay enpòtan rive oubyen pral rive byento nan travay li a. Nan dènye jou yo, pwofesi te fèt konsènan

anpil siy pou Dezyèm Vini Sovè a. Siyal sa yo pèmèt moun ki fidèl yo rekonèt plan Bondye a, resevwa avètisman epi prepare yo.

Mòn kay Senyè a pral tabli sou tè mòn yo, **Eza.** 2:2–3. Senyè a pral leve yon banyè pou l rasanble Izrayèl, **Eza.** 5:26 (2 Ne. 15:26–30). Solèy la pral fè nwa epi lalin nan p ap kite limyè li klere, **Eza.** 13:10 (Jowèl 3:15; D&A 29:14). Lèzòm pral transgrese lwa epi yo pral vyole alyans etènèl la, **Eza.** 24:5. Nefit yo pral pale tankou yon vwa ki soti nan pousyè a, **Eza.** 29:4 (2 Ne. 27). Izrayèl pral rasanble avèk pouvwa, **Eza.** 49:22–23 (1 Ne. 21:22–23; 3 Ne. 20–21). Bondye pral tabli yon wayòm ki p ap detwi, **Dan.** 2:44 (D&A 65:2). Lagè, rèv, ak vizyon pral presede Dezyèm Vini an, **Jowèl** 2. Tout nasyon pral rasanble pou batay kont Jerizalèm, **Zak.** 14:2 (Ezek. 38–39). Gen yon jou k ap vini ki pral boule tankou yon founo, **Mal.** 4:1 (3 Ne. 25:1; D&A 133:64; I—JS 1:37).

Gran kalamite pral presede Dezyèm Vini an, **Mat.** 24 (M—JS 1). Pòl te dekri apostazi ak tan difisil nan dènye jou yo, **2 Tim.** 3–4. De pwofèt pral mouri epi resisite nan Jerizalèm, **Apok.** 11 (D&A 77:15). Ministè zanj pral retabli levanjil la nan dènye jou yo, **Apok.** 14:6–7 (D&A 13:27; 110:11–16; 128:8–24). Babilòn pral tabli epi li pral tonbe, **Apok.** 17–18.

Izrayèl pral rasanble avèk pouvwa, **1 Ne.** 21:13–26 (Eza. 49:13–26; 3 Ne. 20–21). Sa se yon siy pou w kapab konnen epòk la, **3 Ne.** 21:1. Pouvwa Bondye pral fè Liv Mòm an parèt, **Mòm.** 8.

Lamanit yo pral fleri, **D&A** 49:24–25. Mechan pral touye mechan, **D&A** 63:32–35 (Apok. 9). Lagè pral devide sou tout nasyon, **D&A** 87:2. Siy, boulvèsman eleman yo, epi zanj pral prepare chemen an pou aparisyon Senyè a, **D&A** 88:86–94. Tenèb pral kouvri tè a, **D&A** 112:23–24. Senyè a te kòmande Sen yo pou yo prepare pou Dezyèm Vini an, **D&A** 133.

Siy Vrè Legliz la. *Gade nan Legliz, siy verite a*

Siyon. *Gade tou nan* Enòk; Nouvo Jerizalèm

Moun ki gen kè pi yo (D&A 97:21). Siyon vle di tou, yon kote moun kè pi yo rete. Vil Enòk ak pèp li a te bati, ki te monte nan syèl la apre sa poutèt jistis epi ki te rele Siyon (D&A 38:4; Moyiz 7:18–21, 69). Nan Dènnye jou yo, yon vil ki rele Siyon pral bati pre Konte Jackson nan, Missouri (Etazini Damerik), kote tribi Izrayèl yo pral rasanble (D&A 103:11–22; 133:18). Sen resevwa konsèy pou yo bati Siyon nenpòt kote yo abite nan mond lan.

Vil David la te rele Siyon, **1 Wa** 8:1. Lwa a pral soti nan Siyon, **Eza.** 2:2–3 (Miche 4:2; 2 Ne. 12:2–3). Redanmtè a pral vin nan Siyon, **Eza.** 59:20. M pral pran yon moun nan yon vil, epi de lòt nan yon fanmi, epi m ap mennen w nan Siyon, **Jer.** 3:14. Pral gen delivrans nan mòn Siyon epi nan Jerizalèm, **Jowèl** 2:32 (Abd. 1:17).

Moun ki chèche tabli Siyon m nan, y ap beni, **1 Ne.** 13:37. Pitit fi Siyon yo woten, **2 Ne.** 13:16 (Eza. 3:16). Malè yon moun ki alèz nan Siyon, **2 Ne.** 28:19–25.

Chèche pwopaje epi etabli koz Siyon an, **D&A** 6:6 (D&A 11:6). Se limenm m te enspire pou fè koz Siyon an mache nan gran pouvwa, pou byen, **D&A** 21:7. Nouvo Jerizalèm nan pral rele Siyon, **D&A** 45:66–67. Independence, Missouri, se kote pou vil Siyon an, **D&A** 57:1–3. Yon malediksyon rete sou pitit Siyon yo jistan yo repanti, **D&A** 84:58.

Senyè a te rele pèp li a Siyon, paske yo te gen yon sèl kè epi yon sèl panse, **Moyiz** 7:18–19. Siyon (Nouvo Jerizalèm nan) pral bati sou kontinan Ameriken an, **AL** 1:10.

Skrib

Ansyen ak Nouvo Testaman an itilize mo a nan fason ki yon ti jan diferan: (1) Nan Ansyen Testaman an, responsablite prensipal skrib la se te pou l kopye ekriti yo (Jer. 8:8). (2) Nouvo Testaman mansyone skrib yo souvan epi kèk fwa yo rele yo avoka oubyen doktè lwa a. Yo devlope lwa an detay epi yo aplike

l pou sikonstans epòk yo a (Mat. 13:52; Mak 2:16–17; 11:17–18; Lik 11:44–53; 20:46–47).

Smith, Emma Hale. *Gade tou nan* Smith, Joseph, pitit la

Madanm Pwofèt Joseph Smith. Senyè a te kòmande Emma pou l fè yon seleksyon kantik pou Legliz la. Li te sèvi kòm premye prezidan Sosyete Sekou a.

Revelasyon te fèt konsènan volonte Senyè a pou Emma Smith, **D&A** 25. Senyè a konseye Emma konsènan maryaj, **D&A** 132:51–56.

Smith, Hyrum. *Gade tou nan* Smith, Joseph, pitit la

Yon gran frè epi yon asosye fidèl Joseph Smith. Hyrum te fèt 9 Fevriye 1800. Li te sèvi kòm yon asistan Joseph nan prezidans Legliz la, epi li te dezyèm Patriyach Legliz la tou. Nan 27 Jen 1844, li te pase anba mati ansanm avèk Joseph nan Prizon Carthage.

Bondye te revele enstriksyon bay Joseph pou Hyrum, **D&A** 11; 23:3. Sèvitè m nan, Hyrum Smith beni poutèt entegrite kè li, **D&A** 124:15. Hyrum te resevwa kòmandman pou l pran ofis kòm patriyach Legliz la, **D&A** 124:91–96, 124. Joseph ak Hyrum te pase anba mati nan Prizon Carthage, **D&A** 135. Hyrum ak kèk lòt lespri chwazi te rezève pou yo vini nan plenitud tan yo, **D&A** 138:53.

Smith, Joseph F.

Sizyèm Prezidan Legliz la; sèl pitit gason Hyrum Smith avèk Mary Fielding Smith. Li te fèt 13 Novanm 1838 epi li mouri 19 Novanm 1918.

Joseph F. Smith te resevwa yon vizyon konsènan redanmsyon mò yo, **D&A** 138.

Smith, Joseph, papa a. *Gade tou nan* Smith, Joseph, pitit la; Smith, Lucy Mack

Papa Pwofèt Joseph Smith. Li te fèt 12 Jiyè 1771. Li te marye avèk Lucy Mack, epi yo te genyen 9 pitit (I—JS 1:4). Joseph te vin tounen yon kwayan fidèl nan Retablisman dènnye jou a epi premye

Smith, Joseph, pitit la

Patriyach Legliz la. Li te mouri 14 Septanm 1840.

Bondye te revele enstriksyon pou li nan men Joseph, pitit gason l lan, **D&A** 4; 23:5. Kite sèvitè m nan ki aje a kontinye avèk fanmi l, **D&A** 90:20. Joseph, sèvitè m nan ki aje a chita avèk Abram, bò kote dwat li, **D&A** 124:19. Joseph Smith, pitit la, te wè papa l nan yon vizyon konsènan wayòm selès la, **D&A** 137:5.

Yon zanj te kòmande Joseph Smith, pitit la, pou l di papa l vizyon li te resevwa a, **I—JS** 1:49–50.

Smith, Joseph, pitit la. *Gade tou nan*

Doktrin ak Alyans yo; Liv Mòmou; Pèl Gran Pri; Premye Vizyon; Retablisman levanjil la; Tradiksyon Joseph Smith (TJS)

Pwofèt ki te chwazi pou retabli vrè Legliz Jezikri a sou tè a. Joseph Smith te fèt nan eta Vermont nan Etazini Damerik la epi li te viv depi 1805 jiska 1844.

An 1820, Papa Bondye ak Jezikri te parèt devan Joseph, epi li aprann pa gen youn nan legliz yo sou tè a ki te vre (**I—JS** 1:1–20). Apre sa zanj ki rele Mowoni an te vizite l, li te revele kachèt plak lò yo ki gen rejis ansyen pèp sou kontinan Ameriken an (**I—JS** 1:29–54).

Joseph te tradui plak lò yo epi an 1830 li te pibliye yo kom Liv Mòmou an (**I—JS** 1:66–67, 75). An 1829 li te resevwa otorite prètiz nan men Janbatis, ak Pyè, Jak, ak Jan (**D&A** 13; 27:12; 128:20; **I—JS** 1:68–70).

Jan Bondye te bay direksyon an, nan dat 6 Avril 1830, Joseph ak plizyè lòt moun te òganize Legliz retabli Jezikri a (**D&A** 20:1–4). Sou direksyon Joseph Smith, Legliz la grandi nan Kanada, Angletè, ak pòsyon lès Etazini an, espesyalman nan Ohio, Missouri, ak Illinois. Move pèsekisyon te suiv Joseph ak Sen yo nenpòt kote yo te tabli. Nan 27 Jen 1844, Joseph ak frè l la Hyrum te pase anba mati nan Carthage, Illinois, nan Etazini Damerik.

Jozèf, pitit gason Jakòb, te pwofetize konsènan Joseph Smith, **2 Ne.** 3:6–15.

Poutèt konesans Senyè a konsènan kalamite k ap vini, li bay sèvitè li a, Joseph Smith apèl, **D&A** 1:17 (**D&A** 19:13). Joseph Smith te resevwa òdinasyon kòm yon Apot Jezikri a epi kòm premye ansyen nan Legliz sa a, **D&A** 20:2. Pyè, Jak, ak Jan te òdone Joseph kòm yon Apot, **D&A** 27:12. Joseph ak Sidney Rigdon te temwaye pou fè konnen yo te wè Sèl Pitit Literal Papa a, **D&A** 76:23. Ansanm avèk Oliver Cowdery, Joseph Smith te wè Senyè a nan vizyon, **D&A** 110:1–4. Senyè a te bay Joseph Smith apèl kòm prezidan ansyen yo, tradiktè, revelatè, vwayan, epi pwofèt, **D&A** 124:125. Joseph Smith te fè plis pase tout moun pou sali lèzòm, eksepte pase Jezikri, **D&A** 135:3.

Ekriti Pwofèt Joseph Smith te pote: Joseph te tradui kèk pòsyon nan plak lò yo zanj ki rele Mowoni an te ba li, epi tradiksyon an te pibliye an 1830 kòm Liv Mòmou an. Li te resevwa anpil revelasyon tou nan men Senyè a ki trase doktrin fondaman tal ak òganizasyon Legliz la. Anpil nan revelasyon sa yo konpile nan liv ki rele Doktrin ak Alyans yo. Se limenm tou ki te fè aparisyon Pèl Gran Pri a, ki gen tradiksyon enspire yon pati nan ekriti Moyiz, Abraram, ak Matye, kèk pati nan istwa pèsone l ak temwayaj li, epi trèz atik doktrin ak kwayans Legliz la genyen.

Smith, Lucy Mack. *Gade tou nan*

Smith, Joseph, papa a; Smith, Joseph, pitit la

Manman Pwofèt Joseph Smith epi mandanm Joseph Smith, papa a (**I—JS** 1:4, 7, 20). Li te fèt 8 Jiyè 1776 epi li mouri 5 Me 1856.

Joseph te wè manman l nan yon vizyon wayòm selès la, **D&A** 137:5.

Smith, Samuel H. *Gade tou nan* Smith, Joseph, pitit la

Yon ti frè pwofèt Joseph Smith (**I—JS** 1:4). Samuel te fèt an 1808 epi li mouri an 1844. Li te youn nan Yuit Temwen Liv Mòmou an epi li te sèvi kòm youn nan premye misyonè yo nan Legliz retabli a (**D&A** 23:4; 52:30; 61:33–35; 66:7–8; 75:13).

Sodòm. *Gade tou nan Gomò*

Nan Ansyen Testaman an, yon vil mechan Senyè a te detwi (Jen. 19:12–29).

Sofoni

Yon pwofèt Ansyen Testaman ki te viv pandan gouvènman Jozyas la (639–608 ANVAN JEZIKRI).

Liv Sofoni an: Chapit 1 pale konsènan yon jou ki pral vini, ki pral ranpli avèk kòlè epi avèk pwoblèm. Chapit 2 rekòmande pèp Izrayèl la pou l chèche jistis epi pou l vin dou. Chapit 3 pale konsènan Dezyèm Vini an, lè tout nasyon pral rasanble pou batay. Sepandan, Senyè a pral gouvène pami yo.

Sovè. *Gade tou nan Jezikri*

Yon moun ki sove moun. Jezikri, nan Ekspyasyon L lan, Li ofri redanmsyon ak sali pou tout limanite. “Sovè” se yon non ak yon tit pou Jezikri.

Senyè a se limyè m ak sali m, **Sòm** 27:1 (Egz. 15:1–2; 2 Sam. 22:2–3). M se Senyè a; epi apre mwen pa gen lòt sovè, **Eza.** 43:11 (D&A 76:1).

Rele li Jezi: paske li pral sove pèp li a anba peche yo, **Mat.** 1:21. Sovè w la fèt jodi a, li se Kris la, Senyè a, **Lik** 2:11. Bondye tèlman renmen mond lan, Sèl Pitit Gason Literal a te vin sove lèzòm, **Jan** 3:16–17. Apre non Kris la pa gen okenn lòt non ki kapab sove lòm, **Tra.** 4:10–12 (2 Ne. 25:20; Mozya 3:17; 5:8; D&A 18:23; Moyiz 6:52). Nou chèche Sovè a nan syèl la, Senyè a, Jezikri a, **Filip.** 3:20. Papa te voye Pitit Gason ankò Sovè mond lan, **1 Jn.** 4:14.

Senyè a te leve yon Mesi, yon Sovè pou mond lan, **1 Ne.** 10:4. Ti mouton Bondye a se Sovè mond lan, **1 Ne.** 13:40. Konesans sou Sovè a pral gaye nan pami chak nasyon, fanmi, lang, ak pèp, **Mozya** 3:20. Kris la te mouri pou sali te kapab vini, **Ela.** 14:15–16.

Jistikasyon ak sanktifikasyon nan Sovè a se bagay ki jis epi ki vrè, **D&A** 20:30–31. M se Jezikri, Sovè mond lan, **D&A** 43:34.

Sèl Pitit Literal mwen an se Sovè a,

Moyiz 1:6. Tout moun ki kwè nan Pitit Gason an epi ki repanti soti nan peche yo, y ap sove, **Moyiz** 5:15.

Sòm. *Gade tou nan David; Mizik*

Yon powèm enspire oubyen yon kantik.

Liv Sòm nan: Yon liv nan Ansyen Testaman an ki gen yon koleksyon sòm, anpil ladan yo ekri konsènan Kris la. Yo site liv Sòm nan souvan nan Nouvo Testaman an.

David te ekri anpil nan Sòm yo. Sòm yo te ekri kòm louwanj pou Bondye. Anpil ladan yo te tounen mizik.

Soupe Senyè a. *Gade nan Sentsèn***Soutni dirijan legliz yo.** *Gade tou nan Konsantman jeneral*

Lè yon moun pwomèt sipò l pou sèvitè ki nan pozisyon dirijan jeneral ak lokal Legliz la.

Tabli Jozye devan tout kongregasyon an, epi ba li yon responsablite devan yo, **Nonb** 27:18–19. Tout moun yo rele epi yo di: Bondye sove wa a, **1 Sam.** 10:24. Kwè nan pwofèt li yo pou w kapab pwospere, **2 Kwo.** 20:20.

Obeyi moun ki gouvène w yo, **Ebre** 13:17.

Senyè a ap favorize w paske w pa t mire, **1 Ne.** 3:6. Moun ki te resevwa pwofèt yo te epanye, **3 Ne.** 10:12–13. Koute pawòl douz sa yo, **3 Ne.** 12:1.

Avèk vwa pa m oubyen avèk vwa sèvitè m yo se menm bagay, **D&A** 1:38. Ou dwe resevwa pawòl li yo tankou se nan bouch pa m yo te soti, **D&A** 21:5. Yon moun ki resevwa sèvitè m yo, li resevwa m, **D&A** 84:35–38. Yon moun ki resevwa m, li resevwa moun mwen te voye yo, **D&A** 112:20. Si pèp mwen an pa koute vwa moun sa yo mwen te lonmen an, yo p ap beni, **D&A** 124:45–46.

Swasanndis. *Gade tou nan Apot; Prètriz Mèlkisedèk*

Yon ofis kote gason resevwa òdinasyon nan Prètriz Mèlkisedèk la. Jodi a, kowòm Swasanndis la genyen Otorite

Syèl

Jeneral Legliz yo ak Swasanndis Otorite Rejyonal yo. Swasanndis yo sèvi nan non Senyè a sou direksyon Premye Prezidans la ak Kolèj Douz Apot yo (gade D&A 107:34). Yo devwe tan yo totalman pou ministè yo a.

Senyè a te lonmen lòt swasanndis, **Lik** 10:1.

Swasanndis yo resevwa apèl pou yo preche levanjil la epi pou yo sèvi kòm temwen espesyal Jezikri, **D&A** 107:25–26. Swasanndis yo aji nan non Senyè a, sou direksyon Douz yo, yo ranfòse Legliz la epi yo regularize tout zafè Legliz la nan tout nasyon, **D&A** 107:34. Chwazi lòt swasanndis, menm sèt fwa swasanndis, si travay reklame l, **D&A** 107:93–97. Kowòm swasanndis la òganize pou ansyen k ap vwayaje yo, pou yo kapab rann temwayaj konsènan non mwen nan tout mond lan, **D&A** 124:138–139.

Syèl. *Gade tou nan* Glwa selès; Paradi; Wayòm Bondye oubyen wayòm syèl la

Mo *syèl* la gen de siyifikasyon prensipal nan ekriti yo. (1) Se kote Bondye rete ak pwochen kay Sen yo (Jen. 28:12; Sòm 11:4; Mat. 6:9). (2) Se etandi ki antoure tè a (Jen. 1:1, 17; Egz. 24:10). Klèman, syèl la pa *paradi* a, ki se yon kote tanporè pou lespri fidèl moun ki te viv sou tè a. Jezi te vizite paradi a apre lanmò L sou kwa a, men, twazyèm jou a, Li te fè Mari konnen Li pa t ko ale kote Papa a (Lik 23:39–44; Jan 20:17; D&A 138:11–37).

M konsidere syèl la kòm travay dwèt ou yo, **Sòm** 8:3. Avèk pawòl Senyè syèl la te fèt, **Sòm** 33:6. Kòman w fè tonbe soti nan syèl la, ou menm Lisifè, **Eza.** 14:12 (2 Ne. 24:12). Syèl l ap vlope ansanm tankou yon woulo, **Eza.** 34:4. M kreye nouvo syèl ak nouvo tè, **Eza.** 65:17. Bondye ap louvri pòt syèl la, **Mal.** 3:10.

Papa nou ki nan syèl la se pou non w sanntifye, **Mat.** 6:9 (3 Ne. 13:9). Pòl te monte nan twazyèm syèl la, **2 Kor.** 12:2. Te gen silans nan syèl la, **Apok.** 8:1 (D&A 88:95–98).

Si yo rete fidèl jiskalafen, y ap resevwa yo nan syèl la, **Mozya** 2:41. Pou w kapab pitit Papa w ki nan syèl la, **3 Ne.** 12:45.

M ap vini nan nyaj syèl la, **D&A** 45:16. Eli te monte nan syèl la san li pa t goute lanmò, **D&A** 110:13. Dwa prèttriz la konekte avèk pouvwa syèl la, **D&A** 121:36. Gen de kalite moun nan syèl la, **D&A** 129:1.

Siyon te monte nan syèl la, **Moyiz** 7:23.

Tabak. *Gade nan* Pawòl Sajès

Tabènak. *Gade tou nan* Bwat Alyans la; Sen tout sen yo; Tanp, kay Senyè a

Yon kay Senyè a, mitan adorasyon Izrayèl pandan Egzòd Ejip la. An reyalyite tabènak la te yon tanp pòtatif, yo te kapab defèt li epi rasanble l ankò. Pitit Izrayèl yo te itilize yon tabènak jistan yo te bati tanp Salomon an (D&A 124:38).

Bondye te revele modèl tabènak la bay Moyiz (Egz. 26–27), epi pitit Izrayèl yo te bati l dapre modèl sa a (Egz. 35–40). Lè tabènak la te konplete, yon nyaj te kouvri tant la, epi glwa Senyè a te ranpli tabènak la (Egz. 40:33–34). Nyaj la te yon siy ki montre prezans Bondye. Nan nuit li te gen aparans dife. Lè nyaj la te rete sou tè tant la, pitit Izrayèl yo te kanpe. Lè l te deplase, yo te deplase avèk li (Egz. 40:36–38; Nonb 9:17–18). Pitit Izrayèl yo te pote tabènak la avèk yo pandan yo te pèdi nan dezè a, sou wout pou yo t ale konkeri Kanaran an. Apre konkèt sa a, tabènak la te tabli nan Chilo, kote Senyè a te chwazi a (Joz. 18:1). Lè pitit Izrayèl yo te fin bati tanp Salomon an, tabènak la te disparèt nan istwa antyèman.

Senyè a ak Ezayi te ilitize tabènak la pou senbolize vil Siyon ak vil Jerizalèm yo nan epòk Dezyèm Vini Senyè a (Eza. 33:20; Moyiz 7:62).

Talan

Yon ansyen mezi pou pwa oubyen yon sòm lajan ki te gen anpil valè. Li te itilize kòm senbòl pou yon bagay ki gen gran valè tou, tèlke levanjil Jezikri a (Mat. 25:14–29; Etè 12:35; D&A 60:2, 13).

Tanp, kay Senyè a. *Gade tou nan*

Dotasyon; Òdonans yo; Sen tout sen yo; Tabènak

Literalman, kay Senyè a. Senyè a te toujou kòmande pèp li a pou yo bati tanp, kay sen kote pou Sen ki diy yo akonpli seremoni ak òdonans sakre levanjil la pou tèt pa yo epi pou mò yo. Senyè a vizite tanp Li yo, epi yo se plas adorasyon ki pi sen pase tout lòt.

Tabènak Moyiz ak pitit Izrayèl yo te tabli a te yon tanp pòtatif. Izrayelit yo te itilize l pandan egzòd yo nan Ejipt.

Tanp ki pi popilè Ansyen Testaman an te mansyone a se sa Salomon te bati nan Jerizalèm nan (2 Kwo. 2–5). Babilonyen yo te detwi l an 587 ANVAN JEZIKRI epi Zowobabèl te retabli l, prèske 70 zan apre (Esd. 1–6). Yon pati nan tanp sa a te boule nan 37 ANVAN JEZIKRI a, Ewòd Legran te rebati l apre sa. Women yo te detwi tanp la nan 70 APRE JEZIKRI.

Nan Liv Mòmnon an, disip Bondye yo ki te jis yo te resevwa direksyon pou yo bati epi pou yo fè adorasyon nan tanp (2 Ne. 5:16; Mozya 1:18; 3 Ne. 11:1). Konstriksyon ak itilizasyon apwopriye yon tanp se siy vrè Legliz la nan nenpòt dispansasyon, sa aplike tou pou Legliz retabli a nan epòk nou an. Tanp Kirtland nan se te premye tanp ki te bati epi ki te dedye pou Senyè a nan dispansasyon an. Depi lè sa a, konsekrasyon tanp kontinye fèt nan anpil peyi sou tè a.

Kiyès ki pral kanpe nan plas sen li a, **Sòm** 24:3–5. An nou monte nan kay Bondye Jakòb la, **Eza.** 2:2–3 (Miche 4:1–2; 2 Ne. 12:2–3). Senyè a pral vin nan tanp li a soudèman, **Mal.** 3:1 (3 Ne. 24:1; D&A 36:8; 42:36).

Jezi te netwaye tanp lan, **Mat.** 21:12–16 (Mak 11:15–18; Lik 19:45–48).

Sen yo te resevwa kòmandman pou yo bati yon tanp nan Missouri, **D&A** 57:3 (D&A 84:3–5). Etabli yon kay Bondye, **D&A** 88:119 (D&A 109:8). Senyè a te chache Sen yo poutèt yo pa t bati yon tanp, **D&A** 95:1–12. M p ap vini nan tanp ki pa sen, **D&A** 97:15–17. M te aksepte kay sa a epi non m ap la, **D&A** 110:7–8. Pèp Senyè a te toujou resevwa kòmandman

pou yo bati yon kay nan non li, **D&A** 124:39. Gran travay ki dwe fèt nan tanp yo anbrase sèlman timoun yo avèk paran yo, **D&A** 138:47–48. Gran travay dènye jou yo anbrase konstriksyon tanp yo, **D&A** 138:53–54.

Tanp Kirtland, Ohio (Etazini Damerik)

Premye tanp Legliz la te bati nan tan modèn nan. Sen yo te bati l nan Kirtland, dapre kòmandman Senyè a (D&A 94:3–9). Bi nou se te pou nou bay yon kote pou manm ki diy nan Legliz yo te kapab resevwa pouvwa espirityèl, otorite avèk limyè (D&A 109–110). Li te konsakre 27 Mas 1836; Pwofèt Joseph Smith te resevwa priyè dedikas la nan revelasyon (D&A 109). Senyè a te bay anpil revelasyon enpòtan epi li te retabli kle prèttriz ki te nesès nan tanp lan (D&A 110; 137). Yo pa t itilize l pou òdonans konplè nou resevwa nan tanp jodi yo.

Tanperaman. *Gade nan Kolè***Tantasyon, tante.** *Gade tou nan Dyab;*

Lib abit; Pèsevere

Yon tès konsènan kapasite yon moun genyen pou l chwazi byen pase mal; yon atirans pou peche epi pou suiv Satan pase Bondye.

Pa kondi nou nan tantasyon, men delivre nou anba mal, **Mat.** 6:13 (3 Ne. 13:12). Bondye p ap aksepte pou sibi tantasyon plis pase sa w kapab sipòte, **1 Kor.** 10:13. Kris la te sibi tantasyon menm jan avèk nou, **Ebre** 4:14–15. Yon moun ki sipòte tantasyon, l ap beni, **Jak** 1:12–14.

Tantasyon advèsè a pa kapab anpare moun ki koute pawòl Bondye, **1 Ne.** 15:24 (Ela. 5:12). Lòm pa t ap kapab ajì pou tèt pa l si youn oubyen lòt la pa t atire l, **2 Ne.** 2:11–16. Veye epi priye kontinyèlman pou w pa sibi tantasyon plis pase sa w kapab sipòte, **Alma** 13:28. Aprann yo kontrekare chak tantasyon dyab la, avèk lafwa yo nan Senyè Jezikri a, **Alma** 37:33. Priye tout tan pou w pa tonbe nan tantasyon, **3 Ne.** 18:15, 18 (D&A 20:33; 31:12; 61:39).

Taylor, John

Fè atansyon avèk logèy pou w pa tonbe nan tantasyon, **D&A** 23:1. Adan te vin soumèt anba volonte dyab la poutèt li te lage bay tantasyon, **D&A** 29:39–40.

M te livre devan tout kalite tantasyon, **I—JS** 1:28.

Taylor, John

Twazyèm Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo.

Te resewva apèl nan Konsèy Douz yo, **D&A** 118:6 (D&A 124:128–129). Te blese anba mati yo, **D&A** 135:2. Te nan pami moun ki gran yo Joseph F. Smith te wè nan mond lespri a, **D&A** 138:53–56.

Tè. *Gade tou nan* Kreyasyon, kreye; Mond

Bondye te kreye planèt kote n ap viv la pa lentèmedyè Jezikri pou lèzòm kapab itilize l pandan lavi mòtèl yo a. Des-tine final li se pou l vin glorifye ak ekzalte (D&A 77:1–2; 130:8–9). Tè a ap vin tounen yon eritaj etènèl pou moun ki te viv diy pou yon glwa selès (D&A 88:14–26). Yo pral jwi prezans Papa a ak Pitit Gason an (D&A 76:62).

Te kreye pou lèzòm: Bondye te bay lèzòm dominasyon sou tè a, **Jen.** 1:28 (Moyiz 2:28). Tè a se pou Senyè a, **Egz.** 9:29 (Sòm 24:1). Senyè a te bay pitit lèzòm tè a, **Sòm** 115:16. M te fè tè a epi m te kreye lèzòm sou li, **Eza.** 45:12.

Ak pouwva pawòl li lèzòm te vini sou tè a, **Jakòb** 4:9.

Moun ki te pran Sentespri a pou gid yo ap resewva tè a, **D&A** 45:56–58 (D&A 103:7). Moun ki te obeyi levanjil la, y ap resewva byen tè a pou rekonpans, **D&A** 59:3. Pòv ak moun dou yo ki sou tè a ap eritye tè a, **D&A** 88:17 (Mat. 5:5; 3 Ne. 12:5).

Nou pral fè yon tè, epi nou pral teste yo, **Abr.** 3:24–25.

Yon antite vivan: Tè a ap la pou tout tan, **Ekl.** 1:4.

Lanmè anvit la se tè a nan eta sanntifye, imòtèl ak etènèl li, **D&A** 77:1. Tè a dwe sanntifye epi prepare pou glwa selès la, **D&A** 88:18–19.

Tè a te kriye fò, **Moyiz** 7:48.

Separasyon tè a: An nou rasanble dlo yo ansanm yon sèl kote, **Jen.** 1:9. Tè a te di-vize nan epòk Pelèg la, **Jen.** 10:25.

Lè dlo yo te fin seche, li te vin tounen yon tè beni, **Etè** 13:2.

Tè a ap vin jan l te ye anvan l te separe a, **D&A** 133:24.

Netwayaj tè a: Lapli te tonbe sou tè a pou karant jou, **Jen.** 7:4.

Tè a rezève pou dife nan jou jijman an, **2 Pyè** 3:7.

Aprè jodi a dife a ap vini, **D&A** 64:24.

Tè a vle netwaye anba salte, **Moyiz** 7:48.

Eta final tè a: Tè a pral vlope ansanm tankou yon papiris epi l ap pase, **3 Ne.** 26:3 (D&A 29:23). Ap gen yon nouvo syèl ak yon nouvo tè, **Etè** 13:9 (D&A 29:23).

Lanmè anvit la se tè a nan eta sanntifye, imòtèl ak etènèl li, **D&A** 77:1. Tè a dwe sanntifye epi prepare pou glwa selès, **D&A** 88:18–19. Tè sa ap vin tounen tankou kristal epi l ap yon Ourim ak Toumim, **D&A** 130:8–9.

Tè a pral repoze pou mil ane, **Moyiz** 7:64. Tè a pral renouvle, **AL** 1:10.

Tè pwomiz

Tè Senyè a pwomèt disip fidèl Li yo, epi souvan avèk desandan yo tou kòm eritaj. Gen anpil tè pwomès.

M pral bay desandan w yo tè sa a, **Jen.** 12:7 (Abr. 2:19). M pral ba w avèk desandan w yo peyi Kanaran an, **Jen.** 17:8 (Jen. 28:13). Moyiz te limite fwontyè peyi a pou Izrayèl nan Kanaran, **Nonb** 34:1–12 (Nonb 27:12).

W ap resewva direksyon pou w ale nan tè pwomès la, **1 Ne.** 2:20 (1 Ne. 5:5). Senyè a dirije moun jis yo ale nan tè ki presye, **1 Ne.** 17:38. Si desandan Leyi yo respekte kòmandman Bondye yo, y ap pwospere nan tè pwomès la, **2 Ne.** 1:5–9. Izrayèl pral retounen sou tè pwomès la, **2 Ne.** 24:1–2 (Eza. 14:1–2). Nenpòt nasyon ki posede tè sa ta dwe sèvi Bondye, oubyen y ap efase, **Etè** 2:9–12.

Se tè pwomès la, epi si plas pou vil Siyon an, **D&A** 57:2. Jida kapab gen dwa

pou l retounen nan tè Abraram yo, **D&A** 109:64.

Nouvo Jerizalèm nan pral bati sou kontinan Ameriken an, **AL** 1:10.

Temwayaj. *Gade tou nan* Sentespri; Temwaye; Temwen

Konesans ak temwayaj espiritiyèl Sentespri a bay. Yon temwayaj kapab yon deklarasyon ofisyèl oubyen legal konsènan sa yon moun pran pou verite (**D&A** 102:26).

M konnen Redanmtè m nan vivan, **Jòb** 19:25–26.

Pa wont poutèt temwayaj Senyè nou an, **2 Tim.** 1:8. Temwayaj Jezi se lespri pwofesi, **Apok.** 19:10.

Kanpe kòm yon temwen Bondye tout tan, **Mozya** 18:9. Pa gen okenn fason pou rebran pèp san rann temwayaj klè kont yo pou desann yo, **Alma** 4:19–20. M gen tout bagay kòm temwayaj ki fè konnen bagay sa yo vre, **Alma** 30:41–44. Ou p ap resevwa okenn temwayaj jistan lafwa w fin teste, **Etè** 12:6.

Èske m pa t mete lapè nan panse w? Ki pi gran temwayaj ou kapab genyen pase sa ki soti kote Bondye, **D&A** 6:22–23. Epi kounyeya, apre anpil temwayaj ki te fèt konsènan l, men temwayaj nou bay konsènan l, **D&A** 76:22–24. M te voye w ale pou w temwaye epi avèti pèp la, **D&A** 88:81–82. Temwen yo mouri kounyeya, epi temwayaj yo tabli, **D&A** 135:4–5.

Enòk te wè zanj ki rann temwayaj konsènan Papa a ak Pitit Gason an, **Moyiz** 7:27. Malgre moun te rayi m epi yo te pèskite m poutèt m te di konsa m te fè yon vizyon, se te vre, **I—JS** 1:24–25.

Temwaye. *Gade tou nan* Temwayaj

Lè yon moun rann temwayaj avèk pouvwa Sentespri a; lè yon moun fè yon deklarasyon solanèl konsènan verite ki baze sou konesans pèsònèl oubyen kwayans.

Konsolatè a pral temwaye konsènan mwen, **Jan** 15:26. Li te kòmande nou pou nou preche epi temwaye, **Tra.** 10:42.

Twa temwen pral temwaye verite a, **2 Ne.** 27:12. Pouvwa Sentespri a te pote

l mete nan kè pitit lèzòm yo, **2 Ne.** 33:1. Ekrityo temwaye konsènan Kris, **Jakòb** 7:10–11 (Jan 5:39). M temwaye ba ou pou m di w m konnen bagay m te pale yo se verite, **Alma** 5:45 (Alma 34:8).

Ou dwe temwaye konsènan yo avèk pouvwa Bondye, **D&A** 17:3–5. Sa Lespri a temwaye ba ou, ou dwe fè l, **D&A** 46:7. M te voye w pou w temwaye epi avèti, **D&A** 88:81.

Temwen. *Gade tou nan* Temwayaj

Yon deklarasyon oubyen yon evidans ki fè konnen yon bagay se verite; yon temwayaj. Yon temwen kapab yon moun tou ki baze l sou konesans pèsònèl pou l fè deklarasyon an oubyen evidans la; sa vle di yon moun ki rann temwayaj.

Ou pa dwe rann fo temwayaj, **Egz.** 20:16.

Levanjil la pral preche nan tout mond lan kòm yon temwen pou tout nasyon yo, **Mat.** 24:14 (M—JS 1:31). Ou pral yon temwen pou mwen, **Tra.** 1:8. Lespri a limenn rann lespri nou temwayaj, **Wom.** 8:16 (1 Jn. 5:6).

Ou dispoze sèvi temwen tout tan pou Bondye, **Mozya** 18:8–9. Nou manje sentèsen nan pou nou temwaye fè Papa konnen n ap respekte kòmandman yo epi n ap toujou sonje Jezi, **3 Ne.** 18:10–11 (Mowo. 4–5; **D&A** 20:77–79). Ou p ap resevwa temwayaj anvan lafwa w teste, **Etè** 12:6.

Lwa temwen yo: nan bouch de oubyen twa temwen chak pawòl dwe tabli, **D&A** 6:28 (Det. 17:6; Mat. 18:16; 2 Kor. 13:1; Etè 5:4; **D&A** 128:3). M te òdone w kòm Apot ak temwen espesyal pou nou mwen, **D&A** 27:12 (**D&A** 107:23). Swasanndis yo resevwa apèl kòm temwen espesyal devan Janti yo epi nan tout mond lan, **D&A** 107:25. Lonmen yon achivis, epi fè l sèvi kòm yon temwen okilè konsènan batèm ou yo, **D&A** 127:6 (**D&A** 128:2–4).

Temwen Liv Mòmmon yo. *Gade tou nan* Liv Mòmmon; Temwen

Apa Pwofèt Joseph Smith, Senyè a te kòmande lòt moun pou yo rann temwayaj konsènan divinite Liv Mòmmon an

Tenèb, Deyò

(D&A 17; 128:20). Gade nan temwayaj temwen sa yo nan "Entwodiksyon" ki nan kòmansman Liv Mòmou an.

Avèk pawòl twa moun, m ap etabli pawòl mwen, **2 Ne.** 11:3. Temwen yo te gen pou yo rann temwayaj konsènan pawòl li yo devan pitit lèzòm, **2 Ne.** 27:12–13. Nan bouch twa temwen, bagay sa yo pral tabli, **Etè** 5:4.

Avèk lafwa, Twa Temwen yo pral wè pou lafwa yo, **D&A** 17.

Tenèb, Deyò. *Gade nan Dyab; Lanfè; Lanmò espirityèl; Pitit pèdisyon yo*

Tenèb, espirityèl. *Gade tou nan Mechan, mechanste*

Mechanste oubyen iyorans nan bagay espirityèl.

Malè moun ki pran tenèb pou limyè, **Eza.** 5:20 (2 **Ne.** 15:20). Tenèb ap kouvri tè a epi gwo tenèb ap kouvri pèp la, **Eza.** 60:2.

Jezi ap bay moun ki chita nan tenèb yo limyè, **Lik** 1:79. Limyè a klere nan tenèb, epi tenèb la pa konprann sa, **Jan** 1:5 (D&A 45:7). Chase zèv tenèb la epi mete kiras limyè sou ou, **Wom.** 13:12. Pa fratenize w avèk zèv tenèb enpwodikatif yo, **Efe.** 5:8–11.

Poutèt ou pa mande, ou pa resevwa limyè a men w dwe peri nan fènwa, **2 Ne.** 32:4. Satan simen zèv tenèb la, **Ela.** 6:28–31.

Pouvwa tenèb yo gen pouvwa sou tè a, **D&A** 38:8, 11–12. Tout mond lan ap kriye anba tenèb ak peche, **D&A** 84:49–54. Si je w fikse sou glwa m, p ap gen tenèb nan ou, **D&A** 88:67.

Zèv tenèb yo te kòmansè gen pouvwa nan pami tout pitit gason lèzòm, **Moyiz** 5:55.

Tesalonisyen, Epit pou. *Gade tou nan Epit Pòl yo; Pòl*

De liv nan Nouvo Testaman an. Orijinalman yo te lèt Pòl te ekri voye bay Tesalonisyen yo lè l te nan Korent pandan premye vizit li pou Ewòp a peprè 50 APRÈ JEZIKRI. Travay li te fè nan Tesaloni an dekri nan Tra. 17. Pòl te vle

retounen nan Tesaloni, men li pa t kapab fè sa a (1 **Tes.** 2:18). Sepandan li te voye Timote pou ankouraje konvèti yo epi pou retounen ba l rapò konsènan kòmman yo te ye. Pòl te ekri premye epit la kòm rezilta remèsiman l poutèt retou Timote.

Premye Tesalonisyen: Chapit 1–2 gen salitasyon Pòl ak priyè li pou Sen yo; chapit 3–5 bay enstriksyon sou devlopman espirityèl, lanmou, chastete, dilijans, epi Dezyèm Vini Jezikri a.

Dezyèm Tesalonisyen: Chapit 1 gen priyè pou Sen yo. Chapit 2 pale konsènan aparisyon apostazi. Chapit 3 gen priyè Pòl pou triyonf kòz levanjil la.

Testaman. *Gade nan Ansyen Testaman; Nouvo Testaman*

Teyankòm

Yon gran dirijan militè Nefit nan Liv Mòmou an (Alma 50:35; 51–52; 61–62).

Ti mouton Bondye. *Gade tou nan Ekspyasyon, ekspye; Jezikri; Pak (fèt juif)*

Yon non Sovè a te genyen ki fè referans a Jezi kòm ofrann sakrifis ki te fèt pou nou an.

Yo te pote l tankou yon ti mouton devan bouche, **Eza.** 53:7 (Mozya 14:7).

Men Ti mouton Bondye a ki wete peche mond lan, **Jan** 1:29 (Alma 7:14). Ou te rachte avèk san presye Kris la, kòm yon ti mouton san tach, **1 Pyè** 1:18–20. Ti Mouton ki te mouri a te diy, **Apok.** 5:12. Nou te ranpòte viktwa sou Satan avèk san Ti Mouton an, **Apok.** 12:11.

Moun yo te blanchi nan san Ti Mouton an, poutèt lafwa yo nan li, **1 Ne.** 12:11. Ti mouton Bondye a se Pitit Gason Papa Etènèl la, epi li se Sovè mond lan, **1 Ne.** 13:40 (1 **Ne.** 11:21). Kriye fò nan pye Papa a nan non Jezi, pou, petèt ou kapab netwaye nan san Ti Mouton an, **Mòm.** 9:6 (Apok. 7:14; Alma 34:36).

Pitit Gason Lòm Nan se Ti Mouton an ki te mouri depi nan fondasyon mond lan, **Moyiz** 7:47.

Timote. *Gade tou nan Pòl*

Nan Nouvo Testaman an, yon jèn mi-syonè ki te konpayon Pòl pandan ministè Pòl (Tra. 16:1–3; 2 Tim. 1:1–5); pitit gason yon papa Grèk avèk yon manman Juif; limenm avèk paran li yo te abite nan Lis.

Pòl te pale konsènan Timote kòm “pwòp pitit gason pa l nan lafwa a” (1 Tim. 1:2, 18; 2 Tim. 1:2). Aparamman, Timote te asistan ki gen plis kapasite a epi sila a Pòl te fè plis konfyans la (Filip. 2:19–23).

Timote, Epit pou. *Gade tou nan Epit Pòl yo; Pòl; Timote*

De liv Nan Nouvo Testaman an. Yo tou de te lèt Pòl te ekri voye bay Timote orijinalman.

1 *Timote*: Pòl te ekri premye epit la apre premye anprizonman l lan. Li te kite Timote an Efèz, pou l retounen apre sa (1 Tim. 3:14). Sepandan, Pòl te santi li kapab pran tan, konsa, li te ekri Timote, aparamman pandan li te an Masedwan (1 Tim. 1:3), pou l ba li konsèy ak ankourajman pou l akonpli travay li.

Chapit 1 gen salitasyon Pòl ak enstriksyon li konsènan spekilasyon anfanteran ki t ap antre nan Legliz la. Chapit 2–3 bay direksyon konsènan adorasyon piblik epi konsènan karaktè ak konduit ministè yo. Chapit 4–5 gen deskripsyon sou apostazi dènye jou ak avètisman konsènan trètman woupo Timote a. Chapit 6 se yon egzòtasyon pou moun pwouve fidelite epi pou yo evite richès mond yo.

2 *Timote*: Pòl te ekri dezyèm lèt la pandan dezyèm anprizonman l lan, yon ti tan anvan l te pase anba mati. Li gen dènye pawòl Apot la, epi li montre gran kouraj ak konfyans Apot la lè li t ap fè fas devan lamnò.

Chapit 1 gen salitasyon ak chaj Pòl te bay Timote. Chapit 2–3 bay plizyè avètisman ak direksyon, avèk yon rekòmandasyon pou fè fas devan danje k ap vini. Chapit 4 se yon mesaj pou zanmi Pòl yo, ki gen konsèy konsènan ki jan pou ajè avèk aposta yo.

Timoun, timoun yo. *Gade tou nan* Batèm timoun piti; Benediksyon, beni—Benediksyon timoun; Ekspyasyon, ekspyè; Fanmi; Responsab, responsablite; Sali—Sali timoun

Yon jèn moun, yon moun ki poko fòme. Papa yo ak manman yo dwe antrene timoun yo pou obeyi volonte Bondye. Timoun pa gen peche jistan yo rive nan laj responsablite (Mowo. 8:22; D&A 68:27).

Timoun se yon eritaj ki soti nan men Bondye, **Sòm** 127:3–5. Antrene yon timoun nan chemen li dwe mache a, **Pwov.** 22:6.

Aksepte timoun piti yo, epi pa anpeche yo vin jwenn mwenn, **Mat.** 19:14. Obeyi paran w yo, **Efe.** 6:1–3 (Kol. 3:20).

San tonbe a, Adan ak Èv pa t ap gen pitit, **2 Ne.** 2:22–23. Anseye timoun yo pou yo mache nan verite ak sobriyete, **Mozya** 4:14–15. Timoun piti yo gen lavi etènèl, **Mozya** 15:25. Jezi te pran timoun piti yo epi li beni yo, **3 Ne.** 17:21. Tout pitit ou yo ap aprann konsènan Senyè a, epi lapè pitit ou yo ap gran, **3 Ne.** 22:13 (Eza. 54:13). Timoun piti pa bezwen repantans oubyen batèm, **Mowo.** 8:8–24.

Timoun piti yo sove depi nan fondasyon mond lan poutèt Sèl Pitit Literal m nan, **D&A** 29:46–47. Paran yo ta dwe anseye pitit yo prensip levanjil yo ak pratik yo, **D&A** 68:25, 27–28. Timoun yo sen poutèt ekspyasyon Kris la, **D&A** 74:7. Paran yo resevwa kòmandman pou yo grandi pitit yo nan limyè ak verite, **D&A** 93:40. Timoun ki mouri anvan laj responsablite yo sove nan wayòm selès la, **D&A** 137:10.

Tiraj Osò

Yon fason pou moun seleksyone oubyen elimine plizyè opsyon nan yon chwaz, sa fèt souvan lè yon moun chwazi yon fèy papyè oubyen yon mòso bwa pami plizyè. Yo rele sa tiraj osò.

Yo te fè tiraj osò pou yo pataje rad li yo, **Mat.** 27:35 (**Sòm** 22:18; **Mak** 15:24; **Lik** 23:34; **Jan** 19:24). Yo te fè tiraj osò epi tiraj la soti pou Matyas, **Tra.** 1:23–26.

Tit

Nou te fè tiraj osò—pou yo konnen ki-yès ki ta dwe ale andedan kay Laban, **1 Ne.** 3:11.

Tit. *Gade tou nan* Epit Pòl yo; Pòl; Tit, epit pou

Nan Nouvo Testaman an, yon konvèti Grèk diy de konfyans ki te vwayaje ale Jerizalèm avèk Pòl epi apre sa li te vin tounen yon misyonè (Gal. 2:1–4; 2 Tim. 4:10). Tit te pote premye epit Pòl la bay Sen Korent yo (2 Kor. 7:5–8, 13–15).

Tit, epit pou. *Gade tou nan* Epit Pòl yo; Pòl; Tit

Pandan Pòl te libere tanporèlman anba anprizonman Women yo, li te ekri epit la voye bay Tit, ki te nan Krèt. Prensipalman lèt la adrese kesyon ki gen relasyon avèk disiplin enteryè epi òganizasyon Legliz la.

Chapit 1 gen salitasyon Pòl epi enstriksyon ak kalifikasyon jeneral pou evèk yo. Chapit 2–3 gen ansèyman jeneral ak mesaj pèsònèl pou Tit konsènan trètman plizyè gwoup moun nan Legliz Krèt la. Pòl te ankouraje Sen yo pou yo simonte pèvèsite, pou yo gen sobriyete ak fidelite, epi pou yo kontinye nan bon zèv.

Tit Libète a. *Gade tou nan* Mowoni, Kaptèn

Yon banyè Mowoni ki te kòmandan an chef lame Nefit yo te leve nan Liv Mòmmon an. Mowoni te fè banyè a pou enspire pèp Nefit la pou yo defann relijyon yo, libète yo, lapè yo, ak fanmi yo.

Mowoni te fè tit libète a avèk twal rad li, **Alma** 46:12–13. Moun ki te sipòte tit la, yo te fè yon alyans, **Alma** 46:20–22. Mowoni te fè monte tit la sou tèt chak kay, **Alma** 46:36 (Alma 51:20).

Toma

Nan Nouvo Testaman an, youn nan Douz Apot orijinèl Sovè a te chwazi pandan ministè motèl Li a (Mat. 10:2–3; Jan 14:5). An Grèk, non an se Didim (Jan 20:24–29; 21:2). Malgre Toma te doute Rezirèksyon Jezi a jistan li te wè Sovè a pèsònèlman, fòs karaktè li te ba

li volonte pou l kapab fè fas devan pèsekisyon ak lanmò avèk Senyè l la (Jan 11:16; 20:19–25).

Tonm. *Gade tou nan* Rezirèksyon

Kote yo antere kò motèl la. Poutèt Ekspyasyon an, tout moun pral resisite soti nan tonb yo.

Apre rezirèksyon Kris la, tonm yo te louvri epi anpil kò te leve, **Mat.** 27:52–53 (3 Ne. 23:9–13). Ou menm tonm, kote viktwa w, **1 Kor.** 15:55.

Tonm yo dwe delivre mò yo, **2 Ne.** 9:11–13.

Moun ki t ap dòmi nan tonm yo pral leve, **D&A** 88:97–98. Yon basen batèm se yon senbòl tonm, **D&A** 128:12–13.

Touye. *Gade nan* Ansasen; Pinisyon kapital

Tradiksyon Joseph Smith (TJS). *Gade tou nan* Smith, Joseph, pitit la

Yon revizyon oubyen tradiksyon Vèsyon Wa Jak te fè nan Bib Anglè a, vèsyon Pwofèt Joseph Smith la te kòmanse nan mwa Jen 1830 la. Bondye te ba li kòmandman pou l fè tradiksyon an epi li te konsidere l lòm yon pati nan apèl li kòm yon pwofèt.

Byenke Joseph te konplete pi fò nan tradiksyon an bò Jiyè 1833, li te kontinye fè modifikasyon pandan li t ap prepare maniskri a jistan li te mouri nan 1844. Byenke li te pibliye kèk pati nan tradiksyon an pandan li te vivan an, se posib pou l ta fè chanjman adisyonèl, si l te vivan, pou l ta fè tout travay la mache. Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo ki te Reòganize a te pibliye premye edisyon tradiksyon enspire Joseph Smith la nan 1867. Yo te pibliye anpil lòt edisyon apre lè sa a.

Pwofèt la te aprann anpil bagay pandan l t ap fè tradiksyon an. Nou resewva anpil seksyon nan Doktrin ak Alyans yo poutèt travay tradiksyon l lan (tèlke **D&A** 76; 77; 91; epi 132). Epi tou Senyè a te bay Joseph enstriksyon dirèk pou tradiksyon an, yo te anrejistre nan Doktrin ak Alyans yo (**D&A** 37:1; 45:60–61; 76:15–18; 90:13;

91; 94:10; 104:58; 124:89). Liv Moyiz la ak Matye—Joseph Smith, ki nan Pèl Gran Pri a kounyeya, te soti dirèkteman nan Tradiksyon Joseph Smith la.

Tradiksyon Joseph Smith la te retabli kèk nan bagay klè ak presye yo ki te pèdi nan Bib la (1 Ne. 13). Byenke se pa Bib ofisyèl Legliz la, tradiksyon sa a kapab ofri plizyè kòmantè enteresan epi li valab anpil pou fè moun konprann Bib la. Li se temwen tou pou apèl diven ak minisè Pwofèt Joseph Smith.

Tradisyon

Kwayans ak pratik ki pase nan yon jenerasyon desann nan yon lòt (2 Tes. 2:15). Nan ekriti yo, Senyè a avèti jis yo konsantman pou yo evite move tradisyon lèzòm (Lev. 18:30; Mak 7:6–8; Mozya 1:5; D&A 93:39–40).

Tradui

Eksprime siyifikasyon yon ide ki nan yon langaj, avèk mo egal nan yon lòt langaj (Mozya 8:8–13; AL 1:8). Ekriti yo pale de li kòm yon don ki soti kote Bondye (Alma 9:21; D&A 8; 9:7–9). Kèk fwa, sa kapab vle di amelyore oubyen korije yon tradiksyon ki deja fèt nan yon langaj oubyen retabli yon tèks ki te pèdi (D&A 45:60–61). Joseph Smith te resewva kòmandman pou l te antreprann yon tradiksyon enspire Bib Wa Jak la (D&A 42:56; 76:15).

Joseph Smith te gen pouvwa pou l tradui avèk mizèrikòd Bondye, epi avèk pouvwa Bondye, **D&A** 1:29. Ou gen yon don pou w tradui, **D&A** 5:4. M akòde w yon don, pou w tradui si w vle m ba w li, **D&A** 6:25. Bondye te bay Joseph Smith pouvwa ki soti nan syèl la, pou l tradui Liv Mòmmon an, **D&A** 20:8.

Avèk Ourim ak Toumim nan, m te tradui kèk nan karaktè yo, **I—JS** 1:62 (Mozya 8:13; 28:13).

Transfigirasyon. *Gade tou nan* Jezikri; Kle prètriz la

Kondisyon moun ki chanje nan aparans yo ak nati yo tanporèlman—ki vle di, yo leve nan yon nivo espirityèl pi

wo—konsa yo kapab sipòte nan prezans ak glwa èt selès.

Transfigirasyon Kris la: Pyè, Jak ak Jan te wè Senyè glorifye a epi transfigire devan yo. Sovè a te pwomèt Pyè t ap resewva kle wayòm syèl la (Mat. 16:13–19; 17:1–9; Mak 9:2–10; Lik 9:28–36; 2 Pyè 1:16–18). Nan evènman enpòtan sa a, Sovè a, Moyiz, ak Elyas (Eli) te bay Pyè, Jak ak Jan kle prètriz la Senyè a te pwomèt. Avèk kle prètriz sa yo, Apot yo te gen pouvwa pou kontinye travay wayòm nan apre Asansyon Jezi a.

Ansèyman Joseph Smith fè konnen, Pyè, Jak ak Jan te transfigire tou sou Mòn Transfigirasyon an. Yo te fè vizyon tè a jan l pral parèt nan kondisyon glorifye li pral ye a (D&A 63:20–21). Yo te wè Moyiz ak Eli, de èt transfòmè, epi yo te tande vwa Papa a. Papa a te di “Se Pitit Gason byenneme m nan, ki fè m plèzi a; koute l” (Mat. 17:5).

Èt transfigire: Yo te wè Bondye Izrayèl la, **Egz.** 24:9–11. Po figi l te klere pandan l t ap pale avèk Bondye, **Egz.** 34:29 (Mak 9:2–3).

Figi Jezi te limen, **Mat.** 17:2 (Mak 9:2–3). Izrayèl pa t kapab gade figi Moyiz tennfas poutèt glwa a, **2 Kor.** 3:7.

Figi Abinadi te klere avèk yon gran ekla, **Mozya** 13:5–9. Se kòm si dife te antoure yo, **Ela.** 5:23, 36, 43–45 (3 Ne. 17:24; 19:14). Yo te blan menm jan avèk aparans Jezi, **3 Ne.** 19:25. Li te sanble yon transfigirasyon pou yo, **3 Ne.** 28:15.

Pèsonn pa t wè Bondye nan kò fizik san Lespri a pa chanje yo, **D&A** 67:10–12. Avèk pouvwa Lespri a, je nou te louvri, **D&A** 76:12.

Glwa Bondye te sou Moyiz, **Moyiz** 1:2. Glwa li te sou mwen; epi m te wè figi l, paske m te transfigire, **Moyiz** 1:11. M te wè syèl la louvri, epi kòm m te kouvri avèk glwa, **Moyiz** 7:3–4.

Travay apot yo. *Gade tou nan* Lik

Liv sa a se dezyèm pati nan de pati travay Lik te ekri Teofil la. Moun rele premye pati nan levanjil la dapre Lik. Chapit 1–12 rakonte kèk nan gran aktivite misionè douz apot yo te fè sou direksyon

Travay misyonè

Pyè tout suit apre lanmò ak rezirèksyon Sovè a. Chapit 13–28 trase kèk nan vwayaj Apot Pòl ak travay misyonè l.

Travay misyonè. *Gade tou nan* Levanjil; Preche

Pataje levanjil Jezikri a avèk pawòl epi avèk egzanzp.

Pyè moun ki bibliye sali a pral bèl anpil sou mòn yo, **Eza.** 52:7. M pral chèche brebi m yo epi m pral chèche konn kote yo ye, **Ezek.** 34:11.

Preche tout kreyati levanjil la, **Mak** 16:15 (Mòm. 9:22). Jaden yo deja mi pou keyi, **Jan** 4:35. Epi kòman y ap fè preche si m pa t voye yo, **Wom.** 10:15.

Anseye yo pawòl Bondye avèk anpil dilijans, **Jakòb** 1:19. Senyè a aksepte pou tout nasyon anseye pawòl li, **Alma** 29:8.

Moun fèb ak moun senp yo kapab pwoklame levanjil la, **D&A** 1:23. Yon travay mèveye pral fèt, **D&A** 4:1. Si w travay pandan tout lavi w epi ou mennen yon nanm ban mwen, jwa w ap gran anpil, **D&A** 18:15. Eli m yo tande vwa m epi yo pa fè di, **D&A** 29:7. Ale preche levanjil mwen an, de pade, **D&A** 42:6. Son an dwe soti nan kote sa a, **D&A** 58:64. Louvri bouch ou pou w pwoklame levanjil mwen an, **D&A** 71:1. Pwoklame verite dapre revelasyon yo ak kòmandman yo, **D&A** 75:4. Chak moun ki te resevwa avètisman, li dwe avèti pwochen l, **D&A** 88:81 (D&A 38:40–41). Senyè a ap pran swen fanmi moun ki preche levanjil li a, **D&A** 118:3. Sèvitè Bondye yo gen pou yo ale, **D&A** 133:38. Lè ansyen ki fidèl yo kite lavi mòtèl la, yo pral kontinye travay yo, **D&A** 138:57.

Tribi Pèdi yo. *Gade nan* Izrayèl—Dis tribi pèdi Izrayèl yo

Trinite. *Gade nan* Bondye, Divinite

Tripotaj. *Gade tou nan* Move pawòl; Rimè

Pataje reyelite oubyen enfòmasyon konsènan yon lòt moun san konsantman l.

Lèzòm pral rann kont pou chak move pawòl yo pale, **Mat.** 12:36. Sen yo

resevwa avètisman pou yo pa tounen ransè ak tripotyè, k ap pale bagay yo pa dwe pale, **1 Tim.** 5:11–14.

Ou pa dwe pale mal kont pwochen w, **D&A** 42:27. Fòtifye frè w yo nan tout konvèsasyon w, **D&A** 108:7.

Twa disip Nefit yo. *Gade tou nan* Disip; Èt anlve; Nefit yo

Twa disip Nefit Kris la te chwazi ki referè nan Liv Mòmmon an.

Senyè a te akòde disip sa yo menm benediksyon li te akòde Jan, Byenneme a—pou yo kapab rete sou tè a, pou yo pote nanm bay Kris la jistan Senyè a vini ankò. Yo te transfome pou yo pa santi doule epi pou yo pa mouri (3 Ne. 28).

Kris la te akòde twa disip yo jan yo te vle a, pou yo te rete jistan l vini, **3 Ne.** 28:1–9. Yo p ap janm soufri doule lanmò oubyen tristès, **3 Ne.** 28:7–9. Yo pral gen yon jwa total, **3 Ne.** 28:10. Yo te monte nan syèl la tanporèlman, **3 Ne.** 28:13–17. Yo te administre pèp la epi yo te pèsèvere pèsèkisyon, **3 Ne.** 28:18–23. Yo te administre Mòmmon, **3 Ne.** 28:24–26 (Mòm. 8:10–11). Yo pral administre Janti yo, Juif yo, tribi dispèse yo, ak tout nasyon, **3 Ne.** 28:27–29. Satan pa gen pouvwa sou yo, **3 Ne.** 28:39.

Twonpe, twonpri. *Gade tou nan* Frod; Manti

Nan ekriti yo, twonpe siyifi lakoz yon moun kwè yon bagay ki pa vre.

Yon moun ki pa t sèman te pou l twonpe, l ap monte sou mòn Senyè a, **Sòm** 24:3–4. Delivre m anba twonpè a, **Sòm** 43:1. Malè yon moun ki rele mal byen epi, ki rele byen mal, **Eza.** 5:20 (2 Ne. 15:20).

Piga pèsonn twonpe tèt li, **1 Kor.** 3:18. Piga pèsonn twonpe w avèk pawòl anven, **Efe.** 5:6. Moun mechan ap twonpe moun epi moun ap twonpe yo tou, **2 Tim.** 3:13. Yo te chase Satan ki te twonpe tout mond lan, **Apok.** 12:9. Yo te mare Satan pou l te kapab pa twonpe nasyon yo ankò, **Apok.** 20:1–3.

Pèsonn pa kapab twonpe Senyè a, **2 Ne.** 9:41. Si w suiv Pitit Gason an, ou

aji san desepsyon devan Bondye, w ap resevwa Sentespri a, **2 Ne.** 31:13. Chèrèm te konfese fè konnen pouvwa dyab la te twonpe l, **Jakòb** 7:18. Pèp Wa Noye a te twonpe anba pawòl flate, **Mozya** 11:7.

Moun saj yo te pran Lespri Sen an pou gid yo, epi yo pa t tonbe nan desepsyon, **D&A** 45:57. Malè moun ki deseve yo, **D&A** 50:6.

Li te vin tounen Satan, papa tout manti yo, pou l twonpe epi pou l avegle lèzòm, **Moyiz** 4:4.

Vanjans. *Gade tou nan* Inimitye

Revanj oubyen relasyon pou malfezans oubyen ofans.

Bondye w la pral vini avèk vanjans, **Eza.** 35:4.

Se pou mwen vanjans ye; M ap okipe sa, **Wom.** 12:19 (Mòm. 3:15; 8:20).

Epe vanjans lan pandye sou tèt ou, **Mòm.** 8:40–41.

M pral vanje kont mechan yo, paske yo pa vle repanti, **D&A** 29:17.

Sovè a te vini nan jou mechanste ak vanjans, **Moyiz** 7:45–46.

Vante. *Gade nan* Lògèy

Verite. *Gade tou nan* Entèlijans, entèlijans yo; Konesans; Limyè, limyè Kris

Konesans konsènan bagay jan yo ye a, jan yo te ye a, epi jan yo pral ye (D&A 93:24). Verite vle di limyè epi tou revelasyon ki soti nan syèl.

Verite pral pouse soti nan tè a, **Sòm** 85:11 (Moyiz 7:62).

W ap konnen verite a epi verite a pral fè w lib, **Jan** 8:32. M se chemen an, verite a, epi lavi a, **Jan** 14:6. Si nou di nou pa gen peche, verite a pa nan nou, **1 Jn.** 1:8.

Moun ki gen tòpanse verite di, **1 Ne.** 16:2. Jis yo renmen verite, **2 Ne.** 9:40. Lespri a pale verite, epi li pa bay manti, **Jakòb** 4:13. Ou se yon Bondye verite epi w pa kapab bay manti, **Etè** 3:12. Avèk pouvwa Sentespri a ou kapab konnen verite konsènan tout bagay, **Mowo.** 10:5.

Verite la pou letènite, **D&A** 1:39. Lespri verite a te eklere w, **D&A** 6:15. Liv Mòm an gen verite a ak pawòl Bondye a, **D&A** 19:26. Yo te voye Konsolatè a pou lanseye verite, **D&A** 50:14. Yon moun ki resevwa pawòl la avèk Lespri verite a, li resevwa l menm jan Lespri verite a anseye l, **D&A** 50:17–22. Pwoklame verite a dapre revelasyon m te ba ou yo, **D&A** 75:3–4. Nenpòt bagay ki verite, li se limyè, **D&A** 84:45. Limyè Kris la se limyè verite, **D&A** 88:6–7, 40. Lespri m se verite, **D&A** 88:66. Entèlijans, oubyen limyè verite pa t kreye, **D&A** 93:29. Glwa Bondye se entèlijans, oubyen limyè verite, **D&A** 93:36. M te kòmande w pou w leve pitit ou yo nan limyè ak verite, **D&A** 93:40.

Sèl Pitit Literal Mwen an plen gras ak verite, **Moyiz** 1:6.

Vèti. *Gade tou nan* Chastete; Entegrite; Pouvwa

Entegrite ak bon moral, pouvwa ak fòs (Lik 8:46), oubyen pite seksyèl (Mowo. 9:9).

Ou se yon fi vètye, **Rit** 3:11. Yon moun ki gen men pwòp ak kè pi, li pral kanpe nan kote sen Senyè a, **Sòm** 24:3–4. Yon fi vètye se yon kouwòn pou mari l, **Pwov.** 12:4. Pri yon fi vètye pi gran pase ribi, **Pwov.** 31:10–31.

Ajoute vèti sou lafwa w, **2 Pyè** 1:5 (D&A 4:6).

Eseye vèti pawòl Bondye a, **Alma** 31:5. Gani panse w avèk vèti san sispann, **D&A** 121:45.

Nou kwè nou dwe gen vèti, **AL** 1:13 (Filip. 4:8).

Vèv. *Gade tou nan* Antrèd

Yon fi ki gen mari l mouri epi ki pa remarye.

Moun san papa yo ak vèv yo ap vin manje, **Det.** 14:29.

Vèv pòv sa te bay tout sa li te genyen, **Mak** 12:41–44. Vizite moun san papa yo ak vèv yo nan afliksyon yo, **Jak** 1:27.

Senyè a pral yon temwen sevè kont moun ki oprime vèv yo, **3 Ne.** 24:5 (Zak. 7:10).

Vi Etènèl

Vèy yo ak òfelen yo dwe resevwa sou-tyen, **D&A** 83:6 (D&A 136:8).

Vi Etènèl. *Gade nan* Lavi etènèl

Vini. *Gade tou nan* Disip; Obeyi, obeyisan, obeyisans

Nan ekriti yo, sa souvan vle di suiv oubyen obeyi yon moun pou apwoche pre l, menm jan avèk fraz la ki di konsa “vin jwenn Kris la epi jwenn pèfeksyon nan li” (Mowo. 10:32).

Panche zòrèy ou epi vin jwenn mwen, **Eza.** 55:3.

Vin jwenn mwen, tout moun ki fatige, **Mat.** 11:28. Kite timoun piti yo vin jwenn mwen, **Mat.** 19:14. Si nenpòt moun vle suiv mwen, se pou l nye tèt li, **Lik** 9:23. Yon moun ki vin jwenn mwen li p ap janm grangou, **Jan** 6:35.

Kris la envite tout moun pou vin jwenn li, **2 Ne.** 26:33. Vin jwenn mwen epi sove tèt ou, **3 Ne.** 12:20. Vin jwenn Kris la, **Mowo.** 10:32.

Envite tout moun vin jwenn Kris la, **D&A** 20:59. Vin jwenn mwen, epi nanm w ap viv, **D&A** 45:46.

Vivifye. *Gade tou nan* Rezirèksyon

Fè yon moun vin vivan, resisite l, oubyen chanje l pou l kapab rete nan prezans Bondye.

Bondye te vivifye nou ansanm avèk Kris la, **Efe.** 2:4–5 (Kol. 2:6, 12–13). Yo te touye kò Kris la, men lespri l te rete vivan, **1 Pyè** 3:18 (D&A 138:7).

Pèsonn pa wè Bondye san Lespri a pa vivifye yo, **D&A** 67:11. Redanmsyon soti nan moun sa a ki vivifye tout bagay, **D&A** 88:16–17. Sen yo pral vivifye epi y ap monte ale rankontre Kris la, **D&A** 88:96.

Adan te vin vivifye andedan kò li, **Moyiz** 6:65.

Vizyon. *Gade tou nan* Premye Vizyon; Rèv; Revelasyon

Yon revelasyon vizyèl konsènan kèk evènman, moun, oubyen bagay avèk pouvwa Sentespri a.

Vizyon sa yo fè pati nan egzanp vizyon

ki enpòtan: Vizyon Ezekyèl konsènan dènye jou yo (Ezek. 37–39), vizyon Etyèn te fè konsènan Jezi ki kanpe bò kote dwat Bondye a (Tra. 7:55–56), revelasyon Jan konsènan dènye jou yo (Apok. 4–21), vizyon Leyi ak Nefi konsènan pyebwa lavi a (1 Ne. 8; 10–14), vizyon Jèn Alma a konsènan zanj Senyè a (Mozya 27), vizyon frè Jarèd la konsènan tout abitan tè a (Etè 3:25), vizyon glwa yo (D&A 76), vizyon Joseph Smith ak Oliver Cowdery te resevwa nan Tanp Kirtland (D&A 110), vizyon Joseph F. Smith la konsènan redanmsyon mò yo (D&A 138), vizyon Moyiz konsènan Bondye ak kreyasyon li yo (Moyiz 1), vizyon Enòk konsènan Bondye (Moyiz 6–7), ak Premye Vizyon Joseph Smith la (1—JS 1).

Kote pa gen vizyon, pèp la peri, **Pwov.** 29:18. Jèn gason yo pral fè vizyon, **Jowèl** 2:28 (Tra. 2:17).

Li te ban mwen konesans nan vizyon, **2 Ne.** 4:23.

Li te yon mesaj epi ki te soti nan prezans Bondye, **1—JS** 1:33. Nou kwè nan pwofesi, revelasyon, vizyon, **AL** 1:7.

Vote. *Gade nan* Konsantman jeneral

Vòl, vòlè

Lè yon moun pran bagay yon lòt moun dezonètman oubyen ilegalman. Senyè a te toujou kòmande piti Li yo pou yo pa vòlè (Egz. 20:15; Mat. 19:18; 2 Ne. 26:32; Mozya 13:22; D&A 59:6).

Rasanble trezò nan syèl la pou tèt pa w, kote vòlè pa kapab kase ni vòlè, **Mat.** 6:19–21.

Nefit yo te dewoute poutèt lògèy yo, richès yo, anvayisman ak vòl, **Ela.** 4:12.

Yon moun ki vòlè epi ki pa repanti, y ap chase l, **D&A** 42:20. Moun ki vòlè, y ap lage yo nan men lwa peyi a, **D&A** 42:84–85.

Vòlè Gadyanton yo. *Gade tou nan* Konbinezon sekrè

Nan Liv Mòmmon an, yon bann vòlè, yon Nefit mechan ki rele Gadyanton te fonde. Òganizasyon yo a te baze sou sekrè ak sèman satanik.

Gadyanton te lakoz destriksyon nasyon Nefit la, **Ela.** 2:12–13. Dyab la te bay Gadyanton sèman sekre ak alyans, **Ela.** 6:16–32. Konbinezon sekre yo te lakoz destriksyon nasyon Jaredit la, **Etè** 8:15–26.

Vwa. *Gade tou nan Revelasyon*

Jan yo itilize l nan ekriti yo, kèk fwa, li se yon mesaj vokal Senyè a oubyen mesaj Li yo bay. Vwa Lespri a kapab tou yon mesaj ki pa vokal epi ki pwente sou direksyon kè nou oubyen panse nou.

Adan ak Èv te tande vwa Senyè Bondye a, **Jen.** 3:8 (Moyiz 4:14). Senyè a te pale avèk Eli nan yon ti vwa trankil, **1 Wa** 19:11–13.

Jis yo suiv vwa Bon Bèje a, **Jan** 10:1–16. Tout moun ki nan verite yo tande vwa m, **Jan** 18:37.

M te obeyi vwa Lespri a, **1 Ne.** 4:6–18. M te tande yon vwa ki di: Enòs, peche w yo padone, **Enòs** 1:5. Se te yon vwa trankil ki te pafètman dou epi li te pèse nanm mwen dirèk, **Ela.** 5:29–33 (3 Ne. 11:3–7).

Menm si se avèk pwòp vwa m oubyen avèk vwa sèvitè m yo, se menm bagay la, **D&A** 1:38. Nenpòt pawòl yo pale lè Sentespri a anime yo, se ap vwa Senyè a, **D&A** 68:2–4. Chak nanm ki obeyi vwa m ap wè figi m epi l ap konnen m egziste, **D&A** 93:1.

Vwal

Yon mo ekriti yo itilize ki vle di (1) yon divize ki separe diferan zòn nan tabènak oubyen tanp, (2) yon senbòl pou separasyon ant Bondye ak lòm, (3) yon twal fen moun mete pou kouvri figi yo oubyen tèt yo, oubyen (4) yon mank memwa Bondye bay pou bloke memwa moun konsènan egzistans premòtèl la.

Vwal la divize pi sen pase tout sen yo nan kote sen an, **Egz.** 26:33.

Vwal tanp lan te dechire fè de lè kripsifksyon Kris la, **Mat.** 27:51 (Mak 15:38; Lik 23:45). Kounyeya nou wè nan yon vit fènwa; men apre sa a se fas pou fas, **1 Kor.** 13:12.

Vwal enkwayans fènwa a te soti nan panse, **Alma** 19:6. Bondye pa t kapab

anpeche frè Jarèd gade andedan vwal la, **Etè** 3:19 (Etè 12:19).

Vwal la pral dechire epi w pral wè m, **D&A** 67:10 (D&A 38:8). Vwal ki kouvri tanp mwen an pral soti, **D&A** 101:23. Vwal la te soti devan lespri nou, **D&A** 110:1.

Yon vwal tenèb pral kouvri tè a, **Moyiz** 7:61.

Vwayan. *Gade tou nan Ourim ak Toumim; Pwofèt*

Yon moun Bondye otorize pou wè avèk je espirityèl bagay Bondye kache devan mond lan (Moyiz 6:35–38). Li se yon revelatè epi yon pwofèt (Mozya 8:13–16). Nan Liv Mòmmon an, Amon fè konnen se sèlman vwayan ki kapab itilize entèprèt espesyal yo, oubyen yon Ourim ak Toumim (Mozya 8:13; 28:16). Yon vwayan konnen pase, prezan, lavni. Nan ansyen tan, souvan, yon pwofèt te pote non vwayan (1 Sam. 9:9; 2 Sam. 24:11).

Joseph Smith se gran vwayan dènye jou yo (D&A 21:1; 135:3). An plis, Legliz la soutni Premye Prezidans lan ak Konsèy Douz yo kòm pwofèt, vwayan, ak revelatè.

Se yon pèp rebèl ki di vwayan yo konsa, Pa wè; epi ki di pwofèt yo, Pa pwofetize, **Eza.** 30:9–10.

M pral fè yon vwayan espesyal soti nan fwi ren w, **2 Ne.** 3:6–15.

Men sajès; wi, lè yon moun se yon vwayan, yon revelatè, yon tradiktè, epi yon pwofèt, **D&A** 107:92. Senyè a te lonmen Hyrum Smith kòm yon pwofèt, yon vwayan, epi yon revelatè pou Legliz la, **D&A** 124:91–94.

Vyèj. *Gade tou nan Mari, manman Jezi*

Yon gason oubyen yon fi ki gen laj pou marye epi ki pa t janm gen relasyon seksyèl. Nan ekriti yo, yon vyèj kapab reprezante yon moun ki pwòp moralman (Apok. 14:4).

Yon vyèj pral ansent epi li pral fè yon pitit gason, **Eza.** 7:14 (Mat. 1:23; 2 Ne. 17:14).

Wayòm syèl la konpare avèk dis vyèj, **Mat.** 25:1–13.

Vyèj Mari

Nan vil Nazarèt la m te wè yon vyèj, ki te manman Pitit Gason Bondye a, **1 Ne.** 11:13–18. Mari te yon vyèj, yon vèsèl gran pri epi chwazi, **Alma** 7:10.

Vyèj Mari. *Gade nan* Mari, manman Jezi

Wa yo

De liv nan Ansyen Testaman an. Liv sa yo rakonte istwa Izrayèl kont rebelyon Adonija, katriyèm pitit gason Wa David la (anviwon 1015 ANVAN JEZIKRI), kaptivite final Jida a (anviwon 586 ANVAN JEZIKRI). Yo genyen tou de istwa antye konsènan wayòm Nò a (dis tribi Izrayèl yo) depi nan separasyon an jis lè Asiryen yo te vin mennen yo kaptif nan peyi Nò yo. *Gade nan* Kwonoloji nan apendis la tou.

Premye Wa: Chapit 1 dekri jou final lavi David yo. Chapit 2–11 rakonte lavi Salomon. Chapit 12–16 pale konsènan siksesè imedyat Salomon yo, Robowam ak Jewobowam. Jewobowam te lakoz divizyon nan wayòm Izrayèl la. Yo mansyone kèk lòt wa tou. Chapit 17–21 anrejistre yon pati nan ministè Eli lè li te avèti Ahab, wa Izrayèl la. Chapit 22 anrejistre lagè kont Siri, kote Akab ak Jozafa, wa Jida a te mete tèt yo ansanm. Pwofèt Miche te pwofetize kont wa yo.

Dezyèm Wa: Chapit 1:1–2:11 kontinye avèk lavi Eli, plis lè Eli te monte nan syèl la nan yon charyo dife. Chapit 2–9 rakonte ministè lafwa ak gran pouvwa Elize. Chapit 10 pale konsènan Jei, wa a, epi kòman li te detwi kay Akab ak prèt Baal la. Chapit 11–13 rakonte gouvènman jistis Joas ak lanmò Elize. Chapit 14–17 pale konsènan plizyè wa ki te gouvène Izrayèl ak Jida souvan avèk mekanste. Chapit 15 rakonte lè Asiryen yo te kaptire dis tribi Izrayèl yo. Chapit 18–20 rakonte lavi jistis Ezekyas, wa Jida, ak pwofèt Ezayi. Chapit 21–23 pale konsènan wa Manase ak wa Jozyas. Daprè tradisyon, Manase te responsab pou matirize Ezayi. Jozyas te yon wa jis ki te retabli lwa pami Juif yo. Chapit 24–25 rakonte kapitivite Babilòn.

Wayòm Bondye oubyen wayòm syèl

la. *Gade tou nan* Glwa selès; Legliz Jezikri

Wayòm Bondye sou tè a se Legliz Jezikri pou Sen Dènje Jou yo (D&A 65). Bi Legliz la se pou l prepare manm li yo pou yo viv pou tout tan nan wayòm selès oubyen wayòm syèl la. Sepandan, kèk fwa ekriti yo rele Legliz la wayòm syèl la, ki vle di Legliz la se wayòm syèl la sou tè a.

Legliz Jezikri pou Sen Dènje Jou yo se wayòm Bondye sou tè a, men pou kounyeya, li limite kòm yon wayòm eklezyastik. Pandan Milenyòm nan, wayòm Bondye a pral ni politik ni eklezyastik.

Senyè a se Wa pou tout tan, **Sòm** 10:16 (Sòm 11:4). Bondye syèl la pral tabli yon wayòm ki p ap janm detwi, **Dan.** 2:44 (D&A 138:44).

Repanti paske wayòm Bondye a ap pwoche, **Mat.** 3:2 (Mat. 4:17). Se pou wayòm ou an vini, se pou volonte w fèt sou tè a, **Mat.** 6:10. Chèche wayòm Bondye a anvan, **Mat.** 6:33 (3 Ne. 13:33). M ap ba w kle wayòm nan, **Mat.** 16:19. Vini, eritye wayòm ki te prepare pou ou a, **Mat.** 25:34. Lè m pral pataje sentsèn nan avè w nan Wayòm Papa m nan, **Mat.** 26:26–29. Ou pral wè tout pwofèt yo nan wayòm Bondye a, **Lik** 13:28. Moun enjis yo p ap eritye wayòm Bondye a, **1 Kor.** 6:9. Chè ak san pa kapab eritye wayòm Bondye a, **1 Kor.** 15:50.

Anvan w chèche richès, chèche wayòm Bondye a, **Jakòb** 2:18. Okenn bagay sal pa kapab eritye wayòm syèl la, **Alma** 11:37.

Ou kapab repoze avèk yo nan wayòm Papa m nan, **D&A** 15:6. Ou menm ki te resevwa wayòm oubyen kle Legliz la, **D&A** 42:69 (D&A 65:2). Se pou wayòm Bondye a mache pou wayòm syèl la kapab vini, **D&A** 65:5–6. Kle wayòm sa p ap janm soti nan men w, **D&A** 90:3. Nenpòt moun ki resevwa w tankou yon timoun piti, li resevwa wayòm mwen an, **D&A** 99:3. Wi konsa Legliz mwen an ap rele nan dènje jou yo, Legliz Jezikri pou Sen Dènje Jou yo, **D&A** 115:4. Syèl la te

louvri epi m te wè wayòm selès Bondye a, **D&A** 137:1–4.

Wayòm Women yo. *Gade tou nan Wòm*

Wayòm ansyen Wòm nan. Nan epòk apostolik la, Wayòm Women yo te sèl gran pouvwa nan mond lan. Li te anbrase tout bagay ant Efrat, Danib, Ren, Oseyan Atlantik, ak dezè Sahara a. Filisti te vin tounen yon pwovens asosye an 63 ANVAN JEZIKRI, lè Ponpe te pran Jerizalèm. Malgre Women yo te bay Juif yo plizyè privilèj, Juif yo te rayi règ Women yo epi yo te nan rebelyon tout tan.

Pòl yon sitwayen Women, te itilize Grèk, langaj ki te pi popilè nan Wayòm nan pou l te gaye levanjil la nan Wayòm nan.

Bay Seza bagay ki pou Seza, **Mat.** 22:17–22. Pòl te plede pou dwa li kòm yon sitwayen Women, **Tra.** 16:37–39 (Tra. 22:25–29).

Wen. *Gade tou nan Administrasyon pou malad; Lwil*

Nan tan lontan, Pwofèt Senyè a yo te wen moun k ap fè travay espesyal yo avèk lwil, tèlke Aawon oubyen prèt oubyen wa yo ki t ap dirije Izrayèl. Nan Legliz la, kounyeya, lè yo wen yon moun, yo mete yon ti kras lwil konsakre sou tèt li, ki se yon etap nan yon benediksyon espesyal. Sa kapab fèt sèlman sou otorite ak pouvwa Prèttriz Mèlkisedèk la. Apre onksyon an, yon moun ki gen otorite menm prèttriz sa a kapab sele onksyon an epi bay moun ki te wen an yon benediksyon espesyal.

Wen yo, epi konsakre yo pou yo kapab sèvi m, **Egz.** 28:41 (Lev. 8:6–12, 30). Wen l pou l kapab yon kaptèn sou tèt pèp mwen an, Izrayèl, **1 Sam.** 9:16; 10:1.

Ansyen yo dwe wen epi beni malad yo, **Jak** 5:14–15 (D&A 42:44).

Wen An. *Gade tou nan Jezikri; Mesi*

Jezi rele *Kris* la (yon mo Grèk) oubyen *Mesi* a (yon mo Aramik). Tou de mo yo vledi “wen an.” Li se *wen* Papa a pou l kapab reprezantan pèsònèl Papa a nan tout bagay ki gen rapò ak sali lèzòm.

Senyè a te wen m, **Eza.** 61:1–3.

Li te wen yon moun pou preche levanjil la, **Lik** 4:16–22. Papa Bondye te wen Jezi, **Tra.** 4:27. Bondye te wen Jezi Nazarèt la, **Tra.** 10:38.

Whitmer, David

Yon ansyen dirijan nan Legliz retabli a epi youn nan Twa Temwen orijin diven ak verite Liv Mòmmon an (D&A 14; 17–18). Senyè a te ba li enstriksyon pèsònèl nan D&A 14 epi 30:1–4.

Whitmer, John

Yon ansyen dirijan nan Legliz retabli a epi youn nan Yuit Temwen Liv Mòmmon an. Gade “Temwayaj Yuit Temwen yo” nan paj entwodiksyon Liv Mòmmon an. Li te resevwa apèl tou pou l preche levanjil la (D&A 30:9–11).

Whitmer, Peter, pitit la

Yon ansyen dirijan nan Legliz retabli a epi youn nan Yuit Temwen Liv Mòmmon an. Gade “Temwayaj Ywit Temwen yo” nan paj entwodiksyon Liv Mòmmon an. Senyè a te ba li enstriksyon pèsònèl nan Doktrin ak Alyans 16 epi 30:5–8.

Whitney, Newel K.

Yon ansyen dirijan nan Legliz retabli a. Newel K. Whitney te evèk nan Kirtland, Ohio, (Etazini Damerik), epi apre sa li te sèvi kòm Evèk Prezidan nan Legliz la (D&A 72:1–8; 104; 117).

Williams, Frederick G.

Yon ansyen dirijan nan Legliz retabli a ki te sèvi pou kèk tan kòm yon konseye nan Prezidans Gran Prèttriz la (D&A 81; 90:6, 19; 102:3).

Women, Epit pou. *Gade tou nan Epit*

Pòl yo; Pòl

Nan Nouvo Testaman an, yon lèt Pòl te ekri voye bay Sen nan Wòm yo. Li k ap konsidere yon vizit nan Jerizalèm, ki te yon danje sèten. Si li chape sove lavi li, li espere vizite Wòm apre sa. Bi lèt la te pou prepare Legliz nan kote sa a pou resevwa l lè l ta vini. Sanble tou lèt la te genyen ekspresyon konsènan kèk

Woodruff, Wilford

doktrin moun yo pa t konprann. Nan lèt la Pòl konsidere doktrin sa yo finalman etabli.

Chapit 1 gen salitasyon Pòl te fè Women yo. Chapit 2–11 gen anpil deklarasyon konsènan doktrin lafwa, zèv, ak gras. Chapit 12–16 gen ansèyman pratik sou lanmou, devwa, ak sentete.

Woodruff, Wilford. *Gade tou nan* Deklarasyon Ofisyèl 1; Manifest

Katriyèm Prezidan Legliz la apre Reblisman levanjil la te fin fèt avèk Pwofèt Joseph Smith. Li te fèt nan 1807 epi li te mouri nan 1898.

Te resevwa apèl pou l ranpli yon pozisyon nan Konsèy Douz yo, **D&A** 118:6. Te pami lespri chwazi yo ki te rezève pou vini nan plenitid tan yo, **D&A** 138:53. Te resevwa yon revelasyon pou l sispann maryaj pliral nan Legliz la, **DO** 1.

Wòch. *Gade tou nan* Jezikri; Levanjil; Revelasyon

Nan sans figire, Jezikri ak levanjil li a, ki se fondasyon ak sipò fò (**D&A** 11:24; 33:12–13). *Wòch* tou kapab refere revelasyon Bondye anplwaye pou l fè lòm konnen levanjil Li a (**Mat.** 16:15–18).

Li se wòch la, zèv li pafè, **Det.** 32:4. Senyè a se wòch mwen; se nan limenm m ap kwè, **2 Sam.** 22:2–3. Yon wòch te koupe san se pa t avèk men, **Dan.** 2:34–35.

Li te fonde sou yon wòch, **Mat.** 7:25 (3 Ne. 14:25). Jezikri se wòch moun pa t bay okenn valè a, **Tra.** 4:10–11. Wòch sa a se te Kris la, **1 Kor.** 10:1–4 (Egz. 17:6).

Yon moun ki bati sou wòch la, li resevwa verite a, **2 Ne.** 28:28. Juif yo pral rejte wòch la [Kris la] kote pou yo ta bati a, **Jakòb** 4:15–17. Se sou wòch Redanmte nou an nou dwe bati fondasyon nou, **Ela.** 5:12. Nenpòt moun ki bati sou doktrin Kris yo, yo bati sou wòch li a epi yo p ap tonbe lè lavalas desann, **3 Ne.** 11:39–40 (**Mat.** 7:24–27; 3 Ne. 18:12–13). Yon moun saj bati kay li sou wòch, **3 Ne.** 14:24.

Si w bati sou wòch mwen an, tè a ak lanfè pa kapab ranvèse w, **D&A** 6:34. Yon moun ki bati sou wòch sa a li p ap janm tonbe, **D&A** 50:44.

M se Mesi, Wa Siyon, Wòch Syèl la, **Moyiz** 7:53.

Wòch-fondasyon. *Gade tou nan* Jezikri

Wòch prinsipal ki fòme fondasyon yon konstriksyon. Yo rele Jezikri wòch prensipal fondasyon an (**Efe.** 2:20).

Wòch konstrikte yo te refize a vin tounen wòch prensipal kwen an, **Sòm** 118:22 (**Mat.** 21:42–44; **Mak** 12:10; **Lik** 20:17; **Tra.** 4:10–12).

Juif yo te rejte wòch prensipal la, **Jakòb** 4:15–17.

Wòm. *Gade tou nan* Wayòm Women yo

Nan Nouvo Testaman an, kapital Wayòm Women an, ki tabli bò Rivyè Tib la, an Itali (**Tra.** 18:2; 19:21; 23:11). Pòl te anseye levanjil la nan Wòm pandan li te prizonye gouvènman Women an (**Tra.** 28:14–31; **Wom.** 1:7, 15–16).

Youn. *Gade nan* Bondye, Divinite; Inite

Young, Brigham

Yon ansyen Apot nan dispansasyon sa a epi dezyèm Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo. Li te dirije Sen yo soti nan Nauvoo, Illinois, ale nan Vale gran sale la epi li te yon gran kolonizatè nan pati lwès Etazini an.

Brigham Young te resevwa apèl pou l sèvi kòm Prezidan Douz Apot yo, **D&A** 124:127. Yo te felisite Brigham Young pou travay li epi yo te pansyone l konsènan vayaj nan peyi etranje, **D&A** 126. Senyè a te enstwi Brigham Young konsènan kòman pou l òganize Sen yo depa yo nan lwès, **D&A** 136. Brigham Young te nan pami moun chwazi yo nan mond lespri a, **D&A** 138:53.

Zablon. *Gade tou nan* Izrayèl; Jakòb, pitit gason Izarak

Nan Ansyen Testaman an, yon pitit gason Jakòb avèk Leya (**Jen.** 30:19–20).

Tribi Zablon an: Jakòb te beni tribi Zablon an (**Jen.** 49:13). Tribi Zablon an te mete ansanm avèk Debora epi avèk

Barak pou goumen kont ènmi Izrayèl yo (Jij 4:4–6, 10). Yo te mete ansanm avèk Jedeon tou pou goumen avèk Madyanit yo (Jij 6:33–35).

Zakari (Ansyen Testaman)

Yon pwofèt Ansyen Testaman ki te pwofetize nan anviwon 520 ANVAN JEZIKRI. Li te viv nan menm epòk avèk pwofèt Aje (Esd. 5:1; 6:14).

Liv Zakari a: Liv la remakab poutèt notasyon li fè konsènan pwofesi sou ministè mòtèl Kris la ak Dezyèm Vini Li a (Zak. 9:9; 11:12–13; 12:10; 13:6). Chapit 1–8 gen yon seri vizyon konsènan lavni pèp Bondye a. Chapit 9–14 gen vizyon konsènan Mesi a, dènye jou yo, rasanbleman Izrayèl la, gran lagè final la, epi Dezyèm Vini an.

Zakari (Nouvo Testaman). *Gade tou nan* Elizabèt; Janbatis

Nan Nouvo Testaman an, papa Janbatis. Zakari te gen ofis prèt epi li te sèvi kòm fonksyonè nan tanp lan.

Yo te touye Zakari ant tanp lan ak lotèl la, **Mat.** 23:35 (Lik 11:51). Zanj ki rele Gabriyèl la te pwomèt Zakari ak madanm li, Elizabèt, yon pitit gason, **Lik** 1:5–25 (D&A 27:7). Lang li te delye, **Lik** 1:59–79.

Zanj yo

Gen de kalite espès nan syèl la ki rele zanj: sa yo ki se lespri ak sa yo ki gen yon kò chè ak zo. Zanj ki se lespri yo poko gen yon kò chè ak zo, oubyen, yo se lespri ki te deja gen yon kò mòtèl epi y ap rete tann rezirèksyon. Zanj ki gen yon kò chè ak zo yo te deja resisite oubyen yo te chanje.

Gen anpil referans nan ekriti yo konsènan travay zanj. Kèk fwa zanj pale ak yon vwa loray pandan y ap delivre mesaj Bondye yo, (Mozya 27:11–16). Moun mòtèl ki jis yo kapab pote non zanj tou (TJS, Jen. 19:15 [Apendis]). Kèk zanj sèvi nan alantou twòn Bondye a nan syèl la (Alma 36:22).

Ekriti yo pale tou konsènan zanj dyab yo. Sa yo se lespri ki te suiv lisifè yo epi yo te voye yo soti nan prezans Bondye

nan lavi premòtèl la epi yo te tonbe sou tè a (Apok. 12:1–9; 2 Ne. 9:9, 16; D&A 29:36–37).

Jakòb te wè zanj Bondye yo ki t ap monte desann, **Jen.** 28:12. Zanj Bondye yo te rankontre Jakòb, **Jen.** 32:1–2. Jedeon te wè yon zanj Senyè a fasafas, **Jij** 6:22. Kòm zanj la te lonje men l sou Jerizalèm, **2 Sam.** 24:16. Yon zanj te touche Eli epi li di l, Leve epi manje, **1 Wa** 19:5–7. Danyèl te wè zanj Gabriyèl, nan yon vizyon, **Dan.** 8:15–16. Zanj Michèl te ede Danyèl, **Dan.** 10:13.

Bondye te voye zanj Gabriyèl, **Lik** 1:19, 26–27. Zanj dyab yo ap rezève anba chenn pou jijman an, **Jid** 1:6 (2 Pyè 2:4).

Moun yo te wè zanj k ap desann soti nan syèl la, **3 Ne.** 17:24. Mowoni te ekri konsènan ministè zanj, **Mowo.** 7:25–32.

Prètriz Aawon an gen kle ministè zanj, **D&A** 13. Mowoni, Janbatis, Pyè, Jak, Jan, Moyiz, Eli, ak Elyas yo tout te sèvi Joseph Smith kòm zanj, **D&A** 27:5–12. Ou pa kapab sipòte ministè zanj, **D&A** 67:13. Michèl, akanj la, se Adan, **D&A** 107:54. Zanj yo se pèsonej resisite ki gen kò chè ak zo, **D&A** 129. Pa gen okenn zanj ki sèvi sou tè sa a san yo pa fè pati ladan l, **D&A** 130:5. Gason yo ki pa obeyi lalwa maryaj etènèl Bondye a, yo pa ni marye ni tou yo p ap resevwa maryaj men y ap zanj nan syèl la, **D&A** 132:16–17.

Zarayemla. *Gade tou nan* Amon, Desandan Zarayemla; Milèk

Nan Liv Mòmmon an, Zarayemla fè moun panse a (1) yon nonm ki te dirije koloni Milèk la, (2) yon vil ki te pote non l, (3) peyi Zarayemla a, oubyen (4) pèp ki te suiv li a.

Zarayemla te rejwi poutèt Senyè a te voye Nefit yo, **Omni** 1:14. Zarayemla te rakonte jeneyaloji zansèt yo, **Omni** 1:18. Amon te desandan Zarayemla, **Mozya** 7:3, 13. Legliz la te tabli nan vil Zarayemla a, **Alma** 5:2. Akoz jis yo, mechan yo te sove nan Zarayemla, **Ela.** 13:12. Vil Zarayemla te boule lè lanmò Kris la, **3 Ne.** 8:8, 24.

Zenif

Zenif

Nan Liv Mòmmon an, yon nonm ki te dirije gwoup ki te retounen nan tè Nefi a; li te vin tounen wa yo epi li te dirije yo avèk jistis (Mozya 9–10).

Zenòk

Yon pwofèt Izrayèl nan epòk Ansyen Testaman an ki gen non l sèlman nan Liv Mòmmon an.

Te pwofetize konsènan lanmò Kris la, **1 Ne.** 19:10. Te pale konsènan Pitit Gason Bondye a, **Alma** 33:15 (Alma 34:7). Li te pase anba mati poutèt verite a, **Alma** 33:17. Te pwofetize konsènan aparisyon Mesi a, **Ela.** 8:20.

Zenòs

Yon pwofèt Izrayèl nan epòk Ansyen Testaman an. Pwofesi li te fè konsènan misyon Kris yo anrejistre sèlman nan Liv Mòmmon an.

Te pwofetize konsènan antèman Kris la ak twa jou tenèb yo, **1 Ne.** 19:10, 12. Te predi rasanbleman Izrayèl la, **1 Ne.** 19:16. Jakòb te resite parabòl Zenòs te pale konsènan pye oliv natirèl ak pye oliv mawon yo, **Jakòb** 5. Jakòb te eksplike konparezon, Zenòs la, **Jakòb** 6:1–10. Te anseye konsènan priyè avèk adorasyon, **Alma** 33:3–11. Te fè konnen redanmsyon vini nan Pitit Gason an, **Alma** 34:7. Te pase anba lanmò poutèt temwayaj kare l la, **Ela.** 8:19. Te pale konsènan retablisman Lamanit yo, **Ela.** 15:11. Te temwanye konsènan destriksyon lè lanmò Kris la, **3 Ne.** 10:15–16.

Zèv

Aksyon moun, menm si yo byen oubyen move. Chak moun pral jije poutèt pwòp zèv yo.

Senyè a pral sèvi chak moun dapre zèv yo, **Pwov.** 24:12.

Briye limyè w devan lèzòm, pou yo kapab wè bon zèv ou yo, **Mat.** 5:16 (3 Ne. 12:16). Yon moun ki fè volonte Papa m, l ap antre nan wayòm syèl la, **Mat.** 7:21. San zèv, lafwa mouri, **Jak** 2:14–26.

Yo dwe jije poutèt zèv yo, **1 Ne.** 15:32

(Mozya 3:24). Nou konnen se avèk gras nou sove, apre tout sa nou kapab fè, **2 Ne.** 25:23. Anseye yo pou yo pa janm fatigue fè bon zèv, **Alma** 37:34. Li nesese pou lèzòm jije dapre zèv yo, **Alma** 41:3. Zèv yo ap fè w konnen yo, **Mowo.** 7:5 (D&A 18:38).

Mwenmenm Senyè a, m ap jije tout moun dapre zèv yo, **D&A** 137:9.

Zizwòm

Nan Liv Mòmmon an, yon avoka nan vil Amoniya a. Lespri a te fè Alma ak Amilèk santi Zizwòm t ap bay manti. Apre sa, li te konvèti nan levanjil Kris la (Alma 11:21–46; 15:1–12).

Zoram, Zoramit yo

Nan Liv Mòmmon an, sèvitè Laban an ki te rankontre Nefi ak Leyi pou yo vini nan tè pwomès la (1 Ne. 4:31–38). Poutèt fidelite Zoram, Leyi te beni l ansanm ak pwòp pitit gason Leyi yo (2 Ne. 1:30–32). Desandan li yo te pote non Zoramit yo (Jakòb 1:13).

Zowobabèl

Nan Ansyen Testaman an, lè Siris te bay pèmisyon pou Juif yo retounen nan Filisti nan, Zowobabèl te resewa nomnasyon kòm gouvènè oubyen reprezantan kay wayal Juif yo. Non Pèsyen li te Chechbaza (Esd. 1:8). Li te asosye nan rekonstriksyon tanp nan Jerizalèm nan (Esd. 3:2, 8; 5:2).

Zòrèy. *Gade tou nan* Koute

Nan ekriti yo, zòrèy itilize souvan pou senbolize kapasite yon moun pou l tande epi pou l konprann bagay Bondye yo.

Yo gen zòrèy men yo pa tande, **Sòm** 115:6. Senyè a reveye zòrèy mwen yo pou m kapab tande, **Eza.** 50:4–5 (2 Ne. 7:4–5).

Yon moun ki gen zòrèy pou l tande, li dwe tande, **Mat.** 11:15. Zòrèy yo soud, **Mat.** 13:15 (Moyiz 6:27). Je pa t wè ni tou zòrèy pa t tande bagay Bondye te prepare pou moun ki renmen l yo, **1 Kor.** 2:9 (D&A 76:10).

Dyab la chichote nan zòrèy yo, **2 Ne.** 28:22. Louvri zòrèy ou yo pou w kapab

tande, **Mozya** 2:9 (3 Ne. 11:5). M te re-sevwa apèl plizyè fwa, epi m te refize tandè, **Alma** 10:6. Koute pawòl mwen yo, **Alma** 36:1 (Alma 38:1; D&A 58:1).

Pa gen zòrèy ki p ap tandè, **D&A** 1:2. Zòrèy louvri nan imilite ak priyè, **D&A** 136:32.

KWONOLOJI

Brèf kwonoloji sa a kapab ba w yon ide sou dewoulman evènman yo nan epòk Bib la ak Liv Mòmou an. Anpil nan dat yo apwoksimatif, espesyalman sa ki sòti nan epòk Ansyen Testaman an.

Evènman nan epòk premye patriyach yo. (Akoz difikilte ki te genyen pou yo detèmine dat egzakt evènman ki nan seksyon sa a, yo pa bay dat.)

ANVAN JEZIKRI OUBYEN ANVAN EPÒK POPILE

4000 Adan te tonbe.

Enòk t ap preche.

Noye t ap preche; te gen delij sou tè a.

Toudebabèl la te bati; Jaredit yo te vwayaje ale nan Tè Pwomès la.

Mèlkisedèk t ap preche.

Noye te mouri.

Abram (Abraram) te fèt.

Izarak te fèt.

Jakòb te fèt.

Jozèf te fèt.

Yo te vann Jozèf nan peyi Ejipt.

Jozèf te parèt devan Farawon.

Jakòb (Izrayèl) ak fanmi l te desann ale nan Ejipt.

Jakòb (Izrayèl) te mouri.

Jozèf te mouri.

Moyiz te fèt.

Moyiz te dirije pèp Izrayèl la pou yo te kapab kite Ejipt (Egzòd la).

Moyiz anlèyman.

Jozye te mouri.

Lè Jozye te fin mouri, epòk jij yo te kòmanse, premye Jij la te rele Otnyèl epi dènye a te rele Samyèl; lòd ak dat rès yo pa sèten.

Sayil te lonmen wa.

Evènman nan Wayòm Ini Izrayèl la

1095 Rèy Sayil la te kòmanse.

1063 Samyèl te wen David kòm wa.

1055 David te vin wa Ekwon.

1047 David te vin wa nan Jerizalèm; Natan ak Gad te pwofetize.

1015 Salomon te vin wa tout Izrayèl.

991 Tanp la te fin bati.

975 Salomon te mouri; dis tribi Nò yo te revòlte kont Robowam, pitit gason l lan, epi Izrayèl te divize.

Evènman Izrayèl yo	Evènman Jida yo	Evènman nan Istwa Liv Mòmmon yo
975 Jewobowam te wa Izrayèl.	949 Chichak, wa Ejipla te fè piyay sou Jerizalèm.	
875 Akab te gouvènè nan Samari sou Izrayèl Nò a; Eli te pwofetize.		
851 Elize te fè gwo mirak.		
792 Amòs te pwofetize.		
790 Jonas ak Oze te pwofetize.	740 Ezayi te kòmanse pwofetize. (Wòm te fonde; Nabonasa te wa Babilòn nan 747; Tiglat-Pilezè III te wa Asiri soti nan ane 747 pou rive nan ane 734.)	
	728 Ezekya te wa Jida. (Salmanaza IV te wa Asiri.)	
721 Wayòm Nò a te detwi; dis tribi yo t ale nan kaptivite; Miche te pwofetize.	642 Nawoum te pwofetize.	
	628 Jeremi ak Sofoni te pwofetize.	
	609 Abdyas te pwofetize; yo te mennen Danyèl kaptif nan Babilòn. (Niniv te tonbe nan 606; Nebikadneza te wa Babilòn depi 604 jis nan 561.)	
		600 Leyi te kite Jerizalèm.

Evènman Izrayèl yo	Evènman Jida yo	Evènman nan Istwa Liv Mòmmon yo
	598 Ezekyèl te pwofetize nan Babilòn; Abakik te pwofetize; Sedesyas te wa Jida.	
		588 Milèk te pati kite Jerizalèm pou l ale nan tè pwomès la.
		588 Nefit yo te separe kò yo soti pami Lamanit yo (ant 588 ak 570).
	587 Nebikadneza te pran Jerizalèm.	

Evènman nan Istwa Juif yo

- 537 Siris te fè yon dekrè ki te pèmèt Juif yo kite Babilòn.
- 520 Aje ak Zakari te pwofetize.
- 486 Estè te vivan.
- 458 Esdras te responsab pou l fè refòm.
- 444 Yo te lonmen Neemi gouvènè Jideya.
- 432 Malachi te pwofetize.
- 332 Aleksann Legran te konkeri Siri ak Ejipt.
- 323 Aleksann te mouri.
- 277 Swasanndis yo nan, tradiksyon ekriti Juif an Grèk yo te kòmanse fèt.
- 167 Matatyas, Makabe a te revòlte kont Siri.
- 166 Jida Makabe te vin chèf Juif yo.
- 165 Tanp lan te netwaye epi yo te rekonsakre l; Anouka te kòmanse.
- 161 Jida Makabe te mouri.

Evènman nan Istwa Liv Mòmmon yo

- 400 Jawòm te resevwa plak yo.
- 360 Omni te resevwa plak yo.

- 148 Yo te matirize Abinadi; Alma te retabli Legliz la pami Nefit yo.

Evènman nan Istwa Juif yo

- 63 Ponpe te konkeri Jerizalèm, gouvènman Makabe yo te fini nan Izrayèl, Women yo te kòmanse gouvène.
- 51 Kleopat te reye.
- 41 Ewòd ak Fazaèl toulède ansanm te tabli kòm tetrak nan Jideya.
- 37 Ewòd te vin dirijan nan Jerizalèm.
- 31 Batay Aksyòm nan te fèt; Ogis te anperè Wòm depi 31 ANVAN JEZIKRI jis nan 14 APRE JEZIKRI.
- 30 Kleopat te mouri.
- 17 Ewòd te restore tanp lan.

Evènman nan Istwa Liv Mòmmon yo

- 124 Benjamen te bay Nefit yo dènye diskou l la.
- 100 Jèn Alma a ak pitit gason Mozya yo te kòmanse fè travay yo.
- 91 Rèy Jij yo te kòmanse pami Nefit yo.

- 6 Samyèl, Lamanit la, te pwofetize konsènan nesans Kris la.

Evènman nan Istwa Kreyen yo

APRE JEZIKRI

- Nesans Jezikri.
- 30 Ministè Kris la te kòmanse.
- 33 Kris la te krisifye.
- 35 Pòl te konvèti.
- 45 Pòl te fè premye vwayaj misyonè l.
- 58 Yo te voye Pòl nan Wòm.
- 61 Istwa ak travay Apot yo fèmen.
- 62 Wòm boule; Kreyen yo te jwenn pèsekisyon sou Newon.
- 70 Kreyen yo te ale pran retrèt nan Pela; yo te antoure Jerizalèm epi yo te pran l.
- 95 Domisyen te pèsekite Kreyen yo.

Evènman nan Istwa Liv Mòmmon yo

APRE JEZIKRI

- 33 ou 34 Kris resisite a te parèt nan Amerik la.

- 385 Nasyon Nefit la te detwi.
- 421 Mowoni te sere plak yo.

AMONI LEVANJIL YO

Nou kapab konpare ansèyman Sovè a nan Matye, Mak, Lik ak Jan yo youn avèk lòt epi avèk revelasyon nan dènye jou yo nan fason sa a.

Èvènman	Matye	Mak	Lik	Jan	Revelasyon Dènye jou
Jeneyaloji Jezi	1:1-17		3:23-38		
Nesans Janbatis			1:5-25, 57-58		
Nesans Jezi	2:1-15		2:6-7		1 Ne. 11:18-20; 2 Ne. 17:14; Mozya 3:5-8; Alma 7:10; Ela. 14:5-12; 3 Ne. 1:4-22
Pwofesi Simeyon ak Ann			2:25-39		
Visit nan tanp lan (Pak)			2:41-50		
Kòmansman ministè Jan an	3:1, 5-6	1:4	3:1-3		D&A 35:4; 84:27-28
Batèm Jezi	3:13-17	1:9-11	3:21-22	1:31-34	1 Ne. 10:7-10; 2 Ne. 31:4-21
Tantasyon Jezi yo	4:1-11	1:12-13	4:1-13		
Temwayaj Janbatis				1:15-36	D&A 93:6-18, 26
Resepsyon maryaj nan Kana (Premye mirak Jezi)				2:1-11	
Premye netwayaj nan tanp la				2:14-17	
Vizit Nikodèm				3:1-21	
Fi Samariten nan pi a				4:1-42	
Yo rejte Jezi nan Nazarèt			4:16-30		
Pechè pwason gen apèl pou peche moun	4:18-22	1:16-20			
Filè pwason an chaje mirakilezman			5:1-11		
Douz yo aple epi òdone	10:1-4	3:13-19	6:12-16		1 Ne. 13:24-26, 39-41; D&A 95:4

Evènman	Matye	Mak	Lik	Jan	Revelasyon Dènye jou
Diskou sou mòn nan	5-7		6:17-49		3 Ne. 12-14
Priyè Senyè a	6:5-15		11:1-4		3 Ne. 13:5-15
Leve pitit gason vè la			7:11-15		
Yon fi te wen Kris la			7:36-50		
Parabòl Jezi yo se istwa kout ki konpare yon bagay òdinè oubyen yon evènman avèk yon verite. Souvan, Jezi te chwazi yo pou l anseye verite espirityèl.					
Plantè:	13:3-9, 18-23	4:3-9, 14-20	8:4-8, 11-15		
Raje:	13:24-30, 36-43				D&A 86:1-7
Grenn moutad:	13:31-32	4:30-32	13:18-19		
Leven:	13:33		13:20-21		
Trezò nan jaden:	13:44				
Pèl gran pri a:	13:45-46				
Filè pechè pwason:	13:47-50				
Mèt kay:	13:51-52				
Sèvitè san mizèrikòd:	18:23-35				
Bon Bèje:				10:1-21	3 Ne. 15:17-24
Bon Samariten:			10:25-37		
Imilite, resepsyon nòs la:			14:7-11		
Gran soupe a:			14:12-24		
Brebi pèdi:	gade tou 18:12-14		15:1-7		
Monnen pèdi:			15:8-10		
Pitit gason pwodig:			15:11-32		
Entandan enjis:			16:1-13		
Laza ak nonm rich la:			16:14-15, 19-31		
Jij enjis:			18:1-8		
Travayè nan jaden rezen:	20:1-16	gade tou 10:31			
Liv mezi:			19:11-27		
De pitit gason:	21:28-32				
Kiltivatè mechan:	21:33-46	12:1-12	20:9-19		

Èvènman	Matye	Mak	Lik	Jan	Revelasyon Dènne jou
Maryaj pitit gason wa a:	22:1-14		konpare avèk 14:7-24		
Dis vyèj yo:	25:1-13		gade tou 12:35-36		D&A 45:56-59
Talan:	25:14-30				
Brebi, kabrit:	25:31-46				
Kalme siklòn nan	8:23-27	4:35-41	8:22-25		
Chase lejyon dyab yo nan twoupo kochon an	8:28-34	5:1-20	8:26-29		
Leve pitit fi Jayiris la	9:18-20, 23-26	5:21-24, 35-43	8:41-42, 49-56		
Gerizon fi ki t ap senyen an	9:20-22	5:25-34	8:43-48		
Tach pou Douz yo	10:5-42	6:7-13	9:1-6		D&A 18
Nouri senk mil moun yo	14:16-21	6:33-44	9:11-17	6:5-14	
Jezi mache sou dlo a	14:22-33	6:45-52		6:15-21	
Diskou sou Pen Lavi a				6:22-71	
Temwayaj Pyè konsènan Kris la	16:13-16	8:27-29	9:18-21		
Te pwomèt Pyè kle wayòm yo	16:19				
Transfigirasyon; renmèt kle prètiz yo	17:1-13	9:2-13	9:28-36		D&A 63:20-21; 110:11-13
Yo òdone Swasanndis yo epi yo voye yo al ranpli tach yo			10:1-12		D&A 107:25, 34, 93-97; 124:138-140
Gerizon yon nonm avèg nan jou Saba a				9	
Laza te resisite				11:1-53	
Gerizon dis lepre yo			17:11-19		
Benediksyon timoun	19:13-15	10:13-16	18:15-17		
Mari vide pafen sou pye Kris la	26:6-13	14:3-9		12:2-8	
Antre triyonfal	21:6-11	11:7-11	19:35-38	12:12-18	
Mete machann yo deyò nan tanp la	21:12-16	11:15-19	19:45-48		

Èvènman	Matye	Mak	Lik	Jan	Revelasyon Dènye jou
Ti kòb vèv la		12:41–44	21:1–4		
Destriksyon Jerizalèm ak siy Dezyèm Vini an	24	13	21:5–38		D&A 45:16–60; M—JS 1
Dènye Pak Jezi a; sentsèn nan te tabli; enstriksyon pou Douz yo; lavman pye disip yo	26:14–32	14:10–27	22:1–20	13–17	
Jezi se pye rezen an				15:1–8	
Soufrans Jezi nan Jetsemane	26:36–46	14:32–42	22:40–46	18:1	2 Ne. 9:21–22; Mozya 3:5–12; D&A 19:1–24
Trayizon Jida	26:47–50	14:43–46	22:47–48	18:2–3	
Jijman devan Kayif	26:57	14:53	22:54, 66–71	18:24, 28	
Jijman devan Pilat	27:2, 11–14	15:1–5	23:1–6	18:28–38	
Jijman devan Ewòd			23:7–12		
Yo bat Jezi epi yo moke l	27:27–31	15:15–20		19:1–12	
Krisifiksyon	27:35–44	15:24–33	23:32–43	19:18–22	Ela. 14:20–27; 3 Ne. 8:5–22; 10:9
Rezirèksyon an	28:2–8	16:5–8	24:4–8		
Jezi parèt devan disip yo		16:14	24:13–32, 36–51	20:19–23	
Jezi parèt devan Toma				20:24–29	
Asansyon an		16:19–20	24:50–53		

SELEKSYON KI SOTI NAN TRADIKSYON JOSEPH SMITH TE FÈ NAN BIB LA

Men kèk pòsyon ki te seleksyone nan tradiksyon Bib Vèsyon Wa Jak la Joseph Smith te fè a (TJS). Senyè a te enspire Pwofèt Joseph Smith pou retabli verite nan tèks ki nan vèsyon Wa Jak Bib la ki te vin pèdi oubyen chanje depi lè pawòl orijinal yo te ekri. Verite retabli sa yo klarifye doktrin epi yo amelyore konpreyansyon moun ki li ekriti yo.

Paske Senyè a te revele Joseph kèk verite otè orijinal yo te deja anrejistre, Tradiksyon Joseph Smith la pa tankou okenn lòt tradiksyon bibliik nan mond lan. Nan sans sa a, mo *tradiksyon* an itilize nan yon fason ki pi laj epi diferan pase fason abityèl yo, paske tradiksyon Joseph la te plis yon revelasyon pase yon tradiksyon literal soti nan yon lang al nan yon lòt.

Tradiksyon Bib Wa Jak la Joseph Smith te fè a gen koneksyon oubyen mansyone nan plizyè seksyon Doktrin ak Alyans yo (gade seksyon 37, 45, 73, 76, 77, 86, 91, ak 132). Epitou, liv Moyiz la ak Joseph Smith—Matye a se ekstrè ki soti nan Tradiksyon Joseph Smith la.

Pou plis enfòmasyon konsènan Tradiksyon Joseph Smith la, gade nan “Tradiksyon Joseph Smith (TJS)” nan Gid Ekriti yo.

Ilustrasyon suivan an montre yon egzanp seleksyon ki soti nan Tradiksyon Joseph Smith la:

Referans sa a ki ekri an fonsè a se pasaj nan Tradiksyon Joseph Smith te fè nan vèsyon Bib Wa Jak la. Paske tradiksyon l la retabli pawòl ki nan tèks bibliik la, vèsè yo kapab diferan avèk edisyon w ap itilize a.

TJS, Matye 4:1, 5–6, 8–9.

Konpare avèk Matye 4:1, 5–6, 8–9; kèk chanjman sanblab te fèt nan Lik 4:2, 5–11

Referans sa a endike pasaj nan Bib nou an nou ta dwe konpare avèk tradiksyon Joseph Smith la.

Se Lespri a ki te dirije Jezi, se pa t Satan.

1 Apre sa, Lespri a te dirije Jezi al nan dezè a, pou l te kapab avèk Bondye.

Fraz sa a eksplike ki doktrin Joseph Smith te klarifye avèk tradiksyon l lan.

5 Apre sa, Lespri a te leve Jezi al nan vil sen an, epi Lespri a te mete l sou pwent flèch tanp la.

6 Lè sa a, dyab la te vin kote l, epi l te di l konsa, Si w se Pitit Gasson Bondye a, lage kò w anba, paske ekriti yo te di: Li t ap pase zanj li yo lòd pou yo responsab ou, epi y ap pote w nan men yo, pou nan nenpòt moman ou pa ta frape pye w nan yon wòch.

8 Epi ankò, Lespri ki te nan Jezi a te pote l monte sou yon mòn ki te wo anpil, epi li te montre l tout wayòm yo mond lan te genyen ak laglwa yo.

Sa a se tèks la jan Joseph Smith te tradui l la. (Yo ajoute italik pou montre diferans ant pawòl yo ki nan vèsyon Wa Jak la.)

TJS, Jenèz 1:1–8:18. Konpare avèk Jenèz 1:1–6:13

Joseph Smith te retabli tèks Bib sa a epi li pibliye nan Pèl Gran Pri a kòm Seleksyon ki soti nan Liv Moyiz la.

TJS, Jenèz 9:4–6. Konpare avèk Jenèz 8:20–22

Aprè Delij la, Noye mande Senyè a pou l pa modi tè a ankò.

4 Epi Noye te bati yon lotèl pou Senyè a, epi li te pran youn nan chak kalite bèt ki san tach yo, ak volay ki san tach yo, epi li te ofri yo kòm ofrann li boule sou lotèl la; *epi li te di Senyè a mèsì, epi li te rejwi nan kè li.*

5 *Epi Senyè a te pale avèk Noye, epi l te beni li.* Epi Noye te pran yon bon sant, epi l te di nan kè l;

6 *M pral priye Senyè a, pou l pa modi tè a ankò poutèt sa lòm fè, paske panse ki nan kè lòm pa bon depi nan jenès li; epi pou l pa janm detwi okenn sa ki vivan ankò, jan l te fè a, toutotan tè a egziste;*

TJS, Jenèz 9:10–15. Konpare avèk Jenèz 9:4–9

Bondye te tabli lakansyèl la nan syèl la kòm yon siy pou fè sonje alyans Li a avèk Enòk epi avèk Noye. Nan dènye jou yo, asanble jeneral Legliz Premyene a pral ranble avèk moun ki jis yo sou tè a.

10 *Men, san tout chè mwen bay pou moun manje kòm vyann dwe koule nan tè a, ki pran lavi a, epi moun pa dwe manje san.*

11 *Epi toutbon, san pa dwe koule, eksept pou vyann, pou sove lavi nou; epi m pral reklame san chak bèt nan men nou.*

12 *Epi nenpòt moun ki vèsè san lòm, se lòm ki pral vèsè san*

li tou; paske lòm pa dwe vèsè san lòm.

13 *Paske m bay yon kòmandman pou frè chak moun dwe prezève lavi lòt, paske m te kreye lòm nan pwòp imaj pa m.*

14 *Epi m ban nou yon kòmandman, nou dwe pwodiktif epi miltipliye; peple an abondans sou tè a, epi miltipliye sou tè a.*

15 *Epi Bondye te pale avèk Noye epi avèk pitit gason li yo, li te di yo konsa, Epi mwen menm, reyèlman, m ap etabli alyans mwen avèk nou, alyans m te fè avèk Enòk, papa nou an la, konsènan desandan nou yo apre nou.*

TJS, Jenèz 9:21–25. Konpare avèk Jenèz 9:16–17

Bondye te tabli lakansyèl la nan syèl la kòm yon siy pou fè sonje alyans Li a avèk Enòk epi avèk Noye. Nan dènye jou yo, asanble jeneral Legliz Premyene a pral ranble avèk moun ki jis yo sou tè a.

21 *Epi lakansyèl la pral nan nyaj la; epi m ap gade l pou m kapab sonje alyans etènèl m te fè avèk Enòk, papa w; pou lè lèzòm kenbe tout kòmandman m yo, Siyon kapab vini sou tè a ankò, vil Enòk la m te leve monte avèk mwen an.*

22 *Epi se alyans etènèl mwen an, pou lè posterite w la anbrase lave-rite a, epi yo gade anlè, lè sa a Siyon pral gade anba, epi tout syèl yo pral souke avèk kontantman, epi tè a pral tranble avèk lajwa;*

23 *Epi asanble jeneral legliz premyene a pral desann soti nan syèl la, epi yo pral posede tè a, epi yo pral rete la jistan lafen an rive. Epi se alyans etènèl mwen an, m te fè avèk papa w Enòk.*

24 *Epi lakansyèl la pral nan nyaj*

la, epi m pral tabli alyans mwen avèk ou, alyans m te fè ant mwen menm avèk ou a, pou chak kreyati vivan ki gen kò fizik ki pral sou tè a.

25 Epi Bondye te di Noye: Se senbòl alyans la m tabli ant mwen menm avèk ou; pou tout chè ki pral vini sou tè a.

TJS, Jenèz 14:25–40. Konpare avèk Jenèz 14:18–20

Mèlkisedèk beni Abram. Ekriti sa a dekri gran ministè Mèlkisedèk la ak pouvwa ak benediksyon Pretriz Mèlkisedèk yo.

25 Epi Mèlkisedèk te leve vwa l epi l te beni Abram.

26 Kounyeya, Mèlkisedèk te yon nonm ki te gen lafwa, ki te akonpli lajistis; epi lè l te timoun, li te gen lakrent pou Bondye, epi l te bloke bouch lyon yo, epi l te apeze vyolans dife a.

27 Epi paske Bondye te apwouve l, yo te òdone l kòm yon gran prèt daprè lòd alyans Bondye te fè avèk Enòk la,

28 Ki te daprè lòd Pitit Gason Bondye a; lòd sa a ki pa t soti nan lòm, ni nan volonte lòm ni nan papa a ni nan manman an; ni nan kòmansman jou yo ni nan finisman ane yo; Men, nan Bondye;

29 Epi Bondye te bay lèzòm li avèk apèl vwa pa l menm, daprè volonte pa l menm, pou tout moun ki kwè nan non l.

30 Paske Bondye te sèman bay Enòk ak desandan l yo avèk yon sèman pou tèt pa l; pou chak moun ki òdone daprè lòd sa a ak apèl sa a gen pouvwa, pa mwayen lafwa, pou kraze mòn yo, pou divize lanmè yo, pou seche dlo yo, pou detounen yo nan kouran yo;

31 Pou mete lame nasyon yo an defi, pou divize tè a, pou kase tout kòd, pou kanpe nan prezans Bondye; pou fè tout bagay daprè volonte l, daprè kòmandman l, pou soumèt prensipalite yo ak pouvwa yo; epi sa dwe fèt avèk volonte Pitit Gason Bondye a ki te egziste anvan fondasyon mond lan.

32 Epi paske lèzòm te gen lafwa sa a, yo te rantre nan lòd Bondye sa a, yo te chanje epi li te pran yo monte anlè nan syèl la.

33 Epi kounyeya, Mèlkisedèk te yon prèt nan lòd sa a; se poutèt sa li te jwenn lapè nan peyi Salèm, epi yo te rele l Prens lapè a.

34 Epi pèp sa a te pratike lajistis, epi yo te jwenn syèl la, epi yo te wè vil Enòk la Bondye te pran anvan an, vil Bondye te separe avèk tè a, li te rezève l pou dènye jou yo, oubyen finisman mond lan;

35 Epi l te di konsa, epi l te sèman avèk yon sèman, pou syèl la ak tè dwe fè yon sèl; epi pitit Bondye yo dwe epwouve kòm si yo te mete yo nan yon boukan dife.

36 Epi paske Mèlkisedèk sa a te tabli lajistis konsa, pèp li a te rele l wa syèl la, oubyen ki vledi, Wa lapè.

37 Epi l te leve vwa l, epi l te beni Abram, paske li te gran prèt, epi li te administratè magazen Bondye a;

38 Limenm Bondye te anplwaye pou resevwa ladim pou pòv yo.

39 Se sa ki fè Abram te peye l ladim sou tout sa l te genyen, sou tout richès li, epi Bondye te bay Abram plis pase sa li te bezwen.

40 Epi se te konsa, Bondye te beni Abram, epi l te ba li richès, ak onè, ak tè pou yon posesyon etènèl;

daprè alyans li te fè a, epi daprè benediksyon Mèlkisedèk te akòde l yo.

TJS, Jenèz 15:9–12. Konpare avèk Jenèz 15:1–6

Abraram aprann sou Rezirèksyon an epi li fè yon vizyon sou ministè Jezi nan mòtalite a.

9 *Epi Abram te di konsa, Senyè Bondye, kòman w ap fè ban mwen tè sa a pou yon eritaj etènèl?*

10 *Epi Senyè a te di l: Menm si ou te mouri, èske m pa t ap kapab ba ou l?*

11 *Epi si w mouri, w ap posede l kanmèm, paske jou a ap vini pou Pitit Gason Lòm nan va resisite; men kòman l ap fè viv si l pa mouri? Li dwe resisite anvan.*

12 *Epi se te konsa, Abram te gen yon vision epi l te wè epòk Pitit Gason Lòm nan, epi l te kontan, epi nanm li te jwenn repo, epi li te kwè nan Senyè a; epi Senyè a te konte sa pou li kòm lajistis.*

TJS, Jenèz 17:3–12. Konpare avèk Jenèz 17:3–12

Moun yo pa obeyi òdonans levanjil yo, enkli batèm. Bondye eksplike Abraram alyans sikonsizyon an ak laj lè timoun yo vin gen responsablite.

3 *Epi se te konsa, Abram te tonbe sou fas li, epi l te rele non Senyè a.*

4 *Epi Bondye te pale avèk li, li te di konsa, Pèp mwen an abandone presèp mwen yo, epi yo pa t respektè òdonans mwen te bay zansèt yo;*

5 *Epi yo pa obsève onksyon mwen an, ak antèman an, oubyen batèm m te kòmande yo a;*

6 *Men yo vire do bay kòmand-*

man an, epi yo fè lazman timoun yo, ak vèsè san;

7 *Epi l di konsa, san Abèl nonm jis la te koule pou peche yo; epi yo pa t konnen si bagay sa yo te gen valè devan mwen.*

8 *Men, pou oumenm, gade, m ap fè alyans avèk ou, epi w ap vin papa anpil nasyon.*

9 *Epi se alyans sa a m fè avèk ou, pou yo ka konnen pitit ou yo pami tout nasyon. Epi yo p ap rele w Abram ankò, men y a rele w Abraram; paske, m ap fè w vin papa anpil nasyon.*

10 *Epi m ap fè w fè anpil anpil pitit, epi m ap fè anpil nasyon sòti nan ou, epi anpil wa ap sòti nan ou, ak nan ras ou.*

11 *Epi m ap tabli yon alyans sikonsizyon avèk ou, epi se pral yon alyans pa m ant mwen menm avèk ou, ak desandan w yo apre w, nan jenerasyon yo; pou w kapab konnen pou tout tan ke timoun yo pa responsab devan mwen jistan yo gen uitan.*

12 *Epi w dwe asire ke w kenbe tout alyans m te fè avèk zansèt ou yo; epi w dwe kenbe kòmandman m te ba w yo avèk pwòp bouch pa m, epi m ap yon Bondye pou ou ak pou desandan w yo apre w.*

TJS, Jenèz 17:23–24. Konpare avèk Jenèz 17:17–18

Abraram rejwi lè l aprann pwofesi sou nesans Izarak la epi li priye pou Izmayèl.

23 *Après sa Abraram te tonbe sou fas atè epi l te rejwi, epi l te di nan kè l, mwen menm ki gen santan, m pral gen yon pitit, epi se Sara ki gen katreven ane ki pral pote l.*

24 *Epi Abraram di Bondye, O,*

tanpri, fè Izmayèl mache *dwat* devan w!

TJS, Jenèz 19:9–15. Konpare avèk Jenèz 19:8–10

Lo reziste anba mechanste Sodòm, epi zanj pwoteje li.

9 Epi yo te di *l konsa*, fè bak. *Epi yo te fache kont li.*

10 Epi yo te di *nan pami yo*, Nonm sa a te vini pou rete avèk nou, epi li ta vle tabli tèt li kòm yon jij; kounyeya, nou pral trete l pi mal pase yo.

11 *Se poutèt sa yo te di nonm nan konsa, n ap pran gason sa yo ansanm avèk pitit fi w yo tou; epi n ap fè sa nou vle avèk yo.*

12 *Kounyeya bagay sa a te fèt dapre mechanste Sodòm.*

13 Epi Lo te di konsa, reyèlman, m gen de pitit fi ki pa janm konnen gason; m priye nou, kite mal diskite sa avèk frè m yo pou m pa mennen yo deyò a ba nou; pou nou pa fè sa nou vle avèk yo;

14 *Paske Bondye pa p jistifye sèvitè li a nan bagay sa a konsa; kite m diskite sa avèk frè m yo fwa sa a sèlman, pou nou pa fè nonm sa yo anyen, pou yo kapab gen lapè lakay mwen; paske se poutèt rezon sa a yo te vini chèche refij la kay mwen.*

15 *Epi yo te fache kont Lo epi yo pwoche pou yo kraze pòt la, men, zanj Bondye yo ki te sete òm sen, te lonje men yo epi yo te rale Lo antre andedan kay la kote yo te ye a, epi yo te fèmen pòt la.*

TJS, Jenèz 21:31–32. Konpare avèk Jenèz 21:32–34

Abraram adore Bondye etènèl la.

31 Lè sa a, Abimelèk, ansanm

ak Pikòl, kòmandan anchèf lame li a, leve, *epi yo plante yon boskè nan Bècheba, epi ladan, yo priye Senyè a; epi yo retounen nan peyi Filisten yo.*

32 *Epi Abraram adore Bondye etènèl la, epi li abite nan peyi Filisten yo pandan anpil jou.*

TJS, Jenèz 48:5–11. Konpare avèk Jenèz 48:5–6

Efrayim ak Manase vin tounen tribi Izrayèl. Menmjan Jozèf te sove fanmi li tanporèlman nan ansyen tan an, desandan l yo pral sove Izrayèl espiritiyèlman nan dènye jou yo.

5 Epi kounyeya, konsènan de pitit gason w yo, Efrayim ak Manase, ou te fè peyi Ejip la, anvan m te vin kote w an Ejip; *reyèlman*, se pou mwen *yo ye, epi Bondye zansèt mwen yo pral beni yo; yo pral menm beni tankou Riben ak Simeyon, paske yo pou mwen; se poutèt sa yo pral pote non mwen. (Se poutèt sa yo rele Izrayèl.)*

6 Epi desandan w fè apre yo menm, pral pou ou, epi yo pral pote non frè yo nan eritaj yo, *nan tribi yo; se poutèt sa yo te pote non tribi Manase ak tribi Efrayim.*

7 *Epi Jakòb te di Josèf konsa, Lè Bondye zansèt mwen yo te parèt devan m nan Lous, nan peyi Kanan an; li te sèman ban mwen pou asire ke l ap ban mwen, epi pa mwayen desandan m yo tè a kòm yon posesyon etènèl.*

8 *Se poutèt sa, O pitit gason m nan, li te beni m lè li leve w pou w kabab yon sèvitè pou mwen, pou w kabab sove kay mwen anba lanmò;*

9 *Pou delivre pèp mwen an, frè w yo anba famin ki te rèd nan peyi a; se poutèt sa, Bondye zansèt ou yo*

pral beni ou, ak zantray ou yo, pou yo beni plis pase frè ou yo, epi plis pase kay papa w la;

10 *Paske w te gen viktwa, epi kay papa w la te bese devan w, menm jan m te montre w la, anvan frè w yo te vann ou an Ejipt la; se pou-tèt sa, frè w yo pral bese devan w, de jenerasyon an jenerasyon, devan desandan pou tout tan;*

11 *Paske w pral yon limyè pou pèp mwen an, pou w delivre yo nan jou kaptivite yo, anba esklavaj; epi pou w pote sali ba yo, lè yo tout ansanm ap kraze anba peche.*

TJS, Jenèz 50:24–38. Konpare avèk Jenèz 50:24–26; 2 Nefi 3:4–22

Jozèf nan Ejipt pwofetize konsènan Moyiz k ap libere Izrayèl anba esklavaj an Ejipt; konsènan yon branch nan desandan Jozèf yo k ap jwenn direksyon pou yo ale nan yon peyi byen lwen, kote yo pral sonje yo nan alyans Senyè a; konsènan Bondye ki aple yon pwofèt nan dènye jou yo ki rele Jozèf pou fè rejis Jida yo ak rejis Jozèf yo vin fè youn; epi konsènan Aawon k ap sèvi kòm pòtpawòl pou Moyiz.

24 *Epi Jozèf te di frè l yo, m ap mouri epi m pral jwenn zansèt mwen yo; epi m ap desann nan tonb mwen ak lajwa. Bondye papa m nan, Jakòb pral avèk nou, pou delivre nou anba afliksyon nan jou esklavaj nou yo; paske Senyè a te vizite m, epi m te jwenn yon pwomès nan men Senyè a ki te fè konnen, nan fwi ren mwen yo, Senyè Bondye pral leve yon branch ki jis ki soti nan ren mwen; epi pou ou, ou menm papa m Jakòb te rele Izrayèl la, yon pwofèt; (non pa Mesi ki rele Chilo a;) epi pwofèt sa a pral delivre pèp mwen an anba Ejipt nan jou esklavaj nou yo.*

25 *Epi se pral konsa, yo pral dispèse ankò; epi yon branch bral kase, epi yo pral pote l nan yon peyi lwen; sepandan, Senyè a pral sonje yo nan alyans li yo, lè Mesi a vini; paske li pral vin manifeste devan yo nan dènye jou yo, pa pouwva Lespri a; epi li pral retire yo nan tenèb vin nan limyè pou; soti nan kachèt tenèb, epi pou soti nan kaptivite al nan libète.*

26 *Senyè Bondye m nan pral leve yon vwayan, ki pral yon vwayan chwazi pou desandan mwen yo.*

27 *Men sa Senyè Bondye te di m, M pral leve yon vwayan chwazi ki soti nan fwi ren ou yo, epi yo pral byen respekte l nan pami fwi ren ou yo; epi m pral ba li kòmandman pou fè yon travay pou fwi ren ou yo, frè li yo.*

28 *Epi li pral mennen yo nan konnesans alyans m te fè avèk zansèt nou yo; epi li pral fè nenpòt travay m kòmande l.*

29 *Epi m pral fè l gran devan je m, paske li pral fè travay mwen; epi l ap gran tankou moun m te di m ap leve pou ou a, pou delivre pèp ou a, O, pèp Izrayèl la, soti nan peyi Ejipt la; paske m pral leve yon vwayan pou delivre pèp mwen an soti an Ejipt; epi yo pral rele l Moyiz. Epi avèk non sa a li pral konnen li fè pati nan kay ou; paske se pitit fi wa a ki pral pran swen l, epi y ap rele l pitit gason l.*

30 *Epi ankò, Senyè a di konsa, m pral leve yon vwayan soti nan fwi ren ou yo, epi m pral ba li pouwva pou l pote pawòl mwen bay desandan ren ou yo; epi non sèlman pou l pote pawòl mwen, men pou l konvenk yo konsènan pawòl mwen ki*

te deja ale nan pami yo nan dènnye jou yo;

31 Epi Senyè a te di konsa, se sa ki fè, Fwi ren ou yo pral ekri, epi fwi ren Jida yo pral ekri; epi bagay fwi ren ou yo pral ekri yo, ak bagay fwi ren Jida yo pral ekri yo tou pral grandi ansanm pou konfonn fo doktrin, epi pou depoze chirepit yo atè, epi pou tabli lapè nan pami fwi ren ou yo, epi pou mennen yo nan konesans zansèt yo nan dènnye jou yo; epi tou nan konansans alyans mwen yo.

32 Epi w ap vin fò nan feblès, nan jou sa a lè travay mwen an ale nan pami tout pèp mwen an, ki pral restore moun ki fè pati nan kay Izrayèl la nan dènnye jou yo.

33 Epi m pral beni swayan sa a, epi moun ki chèche detwi l yo pral tonbe nan konfizyon; se pwomès sa a m fè w; paske m pral sonje w de jenerasyon an jenerasyon; epi non li pral rele Joseph epi li pral pote non papa l; epi li pral tankou w; paske bagay Senyè a pral fè pa mwayen li menm yo pral mennen pèp mwen an nan sali a.

34 Epi Senyè a te sèman te devan Jozèf li t ap prezève desandan li yo pou tout tan, li te di konsa, m pral leve Moyiz, epi yon baton pral nan men l, epi li pral rasanble pèp mwen an ansanm, epi li pral dirije yo tankou yon twoupo, epi li pral frape dlo Lanmè Wouj la avèk baton li a.

35 Li pral gen jijman, epi li pral ekri pawòl Senyè a. Epi li p ap pale anpil pawòl, paske m pral ekri lalwa mwen pou li avèk dwèt men pa m. Epi m pral fè yon pòt pawòl pou li, non li pral rele Aawon.

36 Epi sa pral pase pou ou nan

dènnye jou yo tou, jan m te sèman te a. Se poutèt sa, Jozèf te di frè li yo, Bondye pral vizite nou toutbon, epi li pral retire nou nan peyi sa a, pou mennen nou nan peyi li te sèman te pou l te bay Abraram, ak Izarak ak Jakòb la.

37 Epi Jozèf te konfime anpil lòt bagay bay frè l yo, epi l te fè yo sèman te devan pitit Izrayèl yo, lè li te di yo konsa, Bondye pral vizite nou toutbon, epi nou pral pote zo mwen yo soti nan kote sa a.

38 Konsa, Jozèf te mouri lè l te gen sandizan; epi yo te anborne kò li, epi yo te mete l nan yon sèkèy an Ejip; epi pitit Izrayèl yo pa t antere l, yo te fè pou yo te kapab pote l pou l antere nan menm tonb avèk papa l. Se konsa yo te sonje alyans yo lè yo te sèman te ba li a.

TJS, Egzòd 4:21. Konpare

avèk Egzòd 4:21; 7:3, 13;

9:12; 10:1, 20, 27; 11:10;

14:4, 8, 17; Detewonòm 2:30

Senyè a pa responsab pou kè di Farawon. Gade tou nan TJS, Egzòd 7:3, 13; 9:12; 10:1, 20, 27; 11:10; 14:4, 8, 17; chak referans, lè yo tradui kòrèkteman, yo montre Farawon te fè pwòp kè pa l di.

21 Epi Senyè a te di Moyiz konsa, Lè w retounen pou w ale an Ejip, pa manke fè tout mèvèy sa yo devan Farawon, limenm m te mete nan men w la, epi m ap fè w pwospere; men Farawon pral fè kè di, epi li p ap kite pèp la ale.

TJS, Egzòd 4:24–27. Konpare

avèk Egzòd 4:24–27

Lè Senyè a menase pou l touye Moyiz paske l pa sikonsi piti gason l lan, Sefora sove lavi l, li akonpli òdonans la limenm. Moyiz konfese peche l la.

24 Epi sete konsa, *Senyè a te parèt devan li pandan l te sou wout, bò lotèl la. Senyè a te fache kont Moyiz, epi li ta pral mete men sou li, pou touye l; paske li pa t sikonsi pitit gason l lan.*

25 Lè sa a Sefora pran yon moso wòch byen file epi li sikonsi pitit gason l lan, epi li voye wòch la jete nan pye l, epi l di, *asireman, ou se yon mari san pou mwen.*

26 Epi, *Senyè a epaye Moyiz epi l kite l ale, paske Sefora, madanm li, te sikonsi timoun nan. Epi li di, Se yon mari san w ye pou mwen. Epi Moyiz te wont, epi li te kache fas li pou Senyè a, epi l di, Mwen peche devan Senyè a.*

27 Epi Senyè a di Aawon, *Ale nan dezè a pou w rankontre Moyiz, epi li ale epi l rankontre li, sou mòn Bondye a; nan mòn kote Bondye te parèt devan l lan; epi Aawon anbrase li.*

TJS, Egzòd 18:1. Konpare avèk Egzòd 18:1

Jetwo se yon gran prèt.

1 Lè Jetwo, *gran prèt Madyan an, bòpè Moyiz te tandè tout bagay Bondye te fè pou Moyiz, ak pou Izrayèl, pèp li a, epi Senyè a te mennen Izrayèl soti an Ejjip;*

TJS, Egzòd 22:18. Konpare avèk Egzòd 22:18

Asasen yo pa dwe viv.

18 Ou pa dwe aksepte pou yon *asasen viv.*

TJS, Egzòd 32:14. Konpare avèk Egzòd 32:14

Senyè a ap epanye Izrayelit ki repanti yo.

14 Epi Senyè a *di Moyiz, Si yo repanti pou mal yo fè a, m ap epanye yo, epi m ap detounen kòlè mwen; men, gade, se pou w egzekite jijman sou tout moun ki pa repanti pou mal sa a yo fè jodia. Se pou-tèt sa, veye pou w fè sa m kòmande w la, oubyen m ap egzekite tout sa m te gen nan tèt mwen pou m fè pèp mwen an.*

TJS, Egzòd 33:20, 23. Konpare avèk Egzòd 33:20, 23

Okenn òm pechè pa kapab wè Figi Bondye epi pou l viv.

20 Epi l te di Moyiz konsa, *Ou pa kapab wè figi m kounyeya, pou kòlè m pa limen kont ou tou, epi pou m pa detwi w, ak pèp wa; paske okenn moun nan pami yo p ap wè figi m kounyeya, epi pou l viv, paske yo fè anpil peche. Epi okenn moun ki fè peche, ni tou p ap jagen okenn moun ki fè peche nan okenn epòk, ki kapab wè figi m epi pou l viv.*

23 Epi m ap retire men mwen, epi w pral wè do m, men ou p ap wè figi m, *menm jan avèk lòt fwa yo; paske m fache kont pèp Izrayèl mwen an.*

TJS, Egzòd 34:1-2, 14.

Konpare avèk
Egzòd 34:1-2, 14;
D&A 84:21-26

Bondye ekri lwa a ankò sou tablèt an wòch Moyiz te prepare men li retire Prètriz Mèlkisedèk la ak òdonans li yo nan mitan pitit Izrayèl yo. Li ba yo lalwa kòmandman nan lachè yo olyesa.

1 Epi mwen menm Senyè a, m te di Moyiz konsa, *fabrike de lòt tablèt an wòch tankou premye yo epi m ap ekri pawòl*

lalwa yo sou yo tou, jan yo te ekri premye fwa a sou tablèt ou te kraze yo; men, se p ap menm bagay avèk premye yo, paske m ap retire prèttriz la nan pami yo; se poutèt sa, lòd sen mwèn an, ak òdonans ki ladan yo pa prale devan yo; paske prezans mwèn p ap monte nan pami yo pou m pa detwi yo.

2 Men m ap ba yo lalwa a menm jan m te fè anvan an, men, se pral dapre lalwa yon kòmandman chanèl; paske m te sèmante nan kòlè mwèn pou yo pa antre nan prezans mwèn, nan repo mwèn an, nan jou pèlerinaj yo. Se poutèt sa, fè jan m kòmande w la, epi prepare w demen maten, epi monte sou mòn Sinayi nan maten, epi prezante w nan kote sa a devan mwèn, sou tèt mòn nan.

Jewova se youn nan non pèp Ansyen Testaman an konnen Senyè Jezikri genyen.

14 Paske w pa dwe adore okenn lòt bondye; paske Senyè a ki rele *Jewova* a se yon Bondye ki jalou.

TJS, Detewonòm 10:2.

Konpare avèk
Detewonòm 10:2

Sou premye tablèt yo Bondye revele alyans etènèl prèttriz sen an.

2 Epi m ap ekri sou tab yo, mo ki te sou premye tab yo ke w te kraze a, *eksepte pawòl alyans etènèl prèttriz sen an*, epi w ap mete yo nan lach la.

TJS, 1 Samyèl 16:14–16, 23.

Konpare avèk
1 Samyèl 16:14–16, 23;

kèk chanjman sanblab te fèt nan 1 Samyèl 18:10 ak 19:9

Move lespri ki vini sou Sayil la pa soti nan Senyè a.

14 Men Lespri Senyè a te kite Sayil, epi yon lespri satanik *ki pa t soti nan Senyè a* te twouble l.

15 Epi sèvitè Sayil yo te di l konsa, Reyèlman, kounyeya, yon lespri satanik *ki pa t soti nan Bondye a* twouble w.

16 Kounyeya kite Senyè nou an pase sèvitè w yo lòd ki devan w, pou y al chèche yon nonm ki konn jwe hap byen; epi se pral konsa, lè lespri satanik la *ki pa soti nan Bondye a* sou ou, nonm nan ap jwe avèk men l epi w ap santi w byen.

23 Epi se te konsa, lè lespri satanik la *ki pa t soti nan Bondye a* te sou Sayil, David te pran yon hap, epi l te jwe avèk men l; konsa, Sayil te vin rafrech, epi l te santi l byen, epi lespri satanik la te soti nan li.

TJS, 2 Samyèl 12:13. Konpare avèk 2 Samyèl 12:13

Bondye pa bliye peche grav David la.

13 Epi David te di Natan konsa, M te peche kont Senyè a. Epi Natan te di David konsa, Senyè a *pa t* tolere peche w la pou w pa mouri san peche.

TJS, 1 Kwonik 21:15. Konpare avèk 1 Kwonik 21:15

Bondye anpeche yon zanj detwi Jerizalèm.

15 Epi Bondye voye yon zanj nan Jerizalèm pou detwi li. *Epi zanj la lonje men l sou Jerizalèm pou detwi li; epi Bondye di zanj*

lan, *Sispann, kenbe men w, sa sifi; paske pandan l t ap detwi l la, Senyè a te wè Izrayèl, li te wè yo repanti pou mal la; se poutèt sa, Senyè a te rete zanj lan ki t ap detwi a, pandan l te kanpe toupre glasi Onan, moun lavil Jebis la.*

TJS, 2 Kwonik 18:22. Konpare avèk 2 Kwonik 18:22

Senyè a pa mete yon lespri mantè nan bouch pwofèt yo.

22 Kounyeya se poutèt sa, reyèlman, Senyè a te *jwenn* yon lespri mantè nan bouch pwofèt sa yo, epi Senyè a pale mal kont ou.

TJS, Sòm 11:1–5. Konpare avèk Sòm 11:1–5

Nan dènye jou yo jis yo ap kouri al nan montay Senyè a. Lè Senyè a vini, l ap detwi mechan yo epi rachte jis yo.

1 *Nan jou sa a, wa vini, O Senyè; epi m ap mete konfyans mwen nan ou. Ou va di pèp ou a, zòrèy mwen te tande vwa ou; ou va di chak moun, Kouri al nan montay mwen an; epi jis yo va kouri tankou yon zwazo k ap kouri pou pyèj chasè a.*

2 Paske mechan yo pare fistibal yo; y ap vize ak flèch yo, pou yo ka tire nan fènwa sou moun k ap mache dwat yo, *pou detwi fondasyon yo.*

3 *Men fondasyon mechan yo pral detwi, epi kisa yo ka fè?*

4 *Paske Senyè a, lè l ap vin nan tanp sakre l la, l ap chita sou twòn Bondye ki nan syèl la, je l ap pèse mechan yo.*

5 Gade, je l va transpèse pitit lèzòm yo, *epi li va rachte jis yo, epi li va teste yo.* Senyè a renmen moun ki jis, men mechan yo, ak

moun ki renmen vyolans, nanm li rayi yo.

TJS, Sòm 14:1–7. Konpare avèk Sòm 14:1–7

Salmis la wè verite a pèdi nan dènye jou yo epi l ap tann etablisman Siyon.

1 *Ensanse a di konsa nan kè l, pa gen okenn moun ki te wè Bondye. Paske li pa t fè nou wè l, poutèt sa pa gen Bondye. Reyèlman, yo kowonpi; yo fè zèv abominab, epi pa gen youn ladan yo ki fè byen.*

2 *Paske Senyè a depi nan syèl la gade pitit lèzòm yo anba a, epi avèk vwa pa l li di sèvitè li a konsa, chèche nan pami pitit lèzòm yo, pou w wè si gen okenn ki konprann Bondye. Epi li te louvri bouch li devan Senyè a, epi l te di konsa, fè atansyon a tout sa yo ki di se ladan moun pa w yo ye.*

3 *Senyè a te reponn, epi l te di konsa, Yo tout ale lwen, yo tout ansanm vin sal, ou kapab wè pa gen okenn nan yo k ap fè byen, non, pa menm youn ladan yo.*

4 *Sèlman sa yo genyen kòm ens-triktè, se moun k ap pratike inikite, epi pa gen konesans nan yo. Se yo menm k ap manje pèp mwen an. Yo manje pen epi yo pa priye Senyè a.*

5 *Y ap viv ak gwo kè sote, paske Bondye rete nan pami jenerasyon ki jis yo. Li se konsèy pou pòv yo, paske yo wont devan mechan yo, epi yo kouri al jwenn Senyè a kòm refij yo.*

6 *Yo wont devan konsèy pòv la, paske Senyè a se refij li.*

7 *O, si Siyon pa t tabli nan syèl la, sali Izrayèl la. O, Senyè ki lè w ap tabli Siyon? Lè Senyè a*

mennen pèp li a ki nan kaptivite a retounen, Jakòb pral rejwi, Iz-rayèl pral kontan.

TJS, Sòm 24:7–10. Konpare avèk Sòm 24:7–10

Wa Laglwa a pral rachte pèp Li a lè L vini.

7 Leve tèt ou, ou menm *jenerasyon Jakòb yo*; epi leve kanpe; epi Senyè a ki fò e ki pisan an; Senyè a ki pisan nan batay la, ki se wa laglwa a, *pral tabli w pou tout tan*.

8 *Epi l pral vlope syèl la; epi l pral desann pou rachte pèp li a; pou li fè w devni yon non etènèl; pou l tabli w sou wòch etènèl li a.*

9 Leve tèt ou, ou menm *jenerasyon Jakòb yo*; leve tèt ou, ou menm *jenerasyon etènèl yo*, epi *Senyè Tout Lame yo, wa tout wa yo*;

10 Wa laglwa a *menm pral vin jwenn ou; epi li pral rachte pèp li a, epi li pral tabli yo nan lajistis*. Selah.

TJS, Sòm 109:4. Konpare avèk Sòm 109:4

Nou dwe priye pou advèsè nou yo.

4 *Epi, malgre amou mwen, yo se advèsè mwen; malgre sa, m ap kontinye priye pou yo.*

TJS, Ezayi 29:1–8. Konpare avèk Ezayi 29:1–8

Mesaj ansyen pwofèt yo te preche nan Jerizalèm yo pral preche nan dènye jou yo nan Liv Mòmmon an, ki te sotif "nan tè a."

1 Malè pou Aryèl, lavil kote David te rete a! ajoute ane sou ane; kite yo touye sakrifis yo.

2 Men m ap frape Aryèl, epi ap gen chagren ak doulè; *paske*

se konsa Senyè a di mwen, Se sa k pral rive Aryèl;

3 Mwen menm *Senyè a* m ap kanpe kont *li* toupatou, epi m ap mete barikad kont *li*, epi m ap bati fò kont *li*.

4 Epi *l ap rabese*, epi l ap pale soti nan tè a; epi vwa *li* se *pral* tankou yon vwa ki gen yon espri familye, ki soti nan tè a, epi k ap mimire pawòl *li* k soti nan tè a.

5 Epi pakèt etranje *l* yo ap tankou pousyè, epi bann gèrye *l* yo se ap tankou yon boul ki pase; wi, sa ap fèt nan yon moman, toudenkou.

6 *Paske Senyè Lame a pral* vizite yo avèk loraj, epi ak tranblemandtè, epi ak gwo bri, ak siklòn ak tanpèt, epi ak flanm dife devoran.

7 Epi tout bann nasyon k ap goumen kont Aryèl yo, menm tout sa k ap goumen kont *li* menm ak minisyon *l* yo, epi k ap frape *l*, y ap tankou yon rèv nan yon vizyon lannuit.

8 *Wi, y ap tankou* yon moun grangou k ap fè rèv, epi gade, *li* manje, men *li* reveye epi nanm ni vid; oubyen *tankou* yon moun *ki* swaf k ap reve, epi gade, *li* bwè, men *li* reveye, epi gade, *li* fatige, epi nanm ni grangou. *Wi, se konsa l pral ye pou tout bann nasyon k ap konbat kont mòn Siyon yo.*

TJS, Ezayi 42:19–23. Konpare avèk Ezayi 42:19–22

Senyè a voye sèvitè L yo pou anseye moun ki chwazi pou yo pa wè ni tande laverite yo; moun ki koute epi ki obeyi yo ap vin pafè.

19 *Paske m pral voye sèvitè m*

nan kote nou menm ki avèg yo; wi, yon mesaje pou louvri je avèg la, epi pou debouche zòrèy soud la;

20 *Epi l ap vin fè yo pafè malgre yo avèg, si yo koute mesaje a, sèvitè Senyè a.*

21 *Ou se yon pèp ki wè anpil bagay, men ou pa obsève; ou louvri zòrèy pou w tande, men ou pa tande.*

22 *Senyè a pa pran plèzi nan moun konsa, men poutèt lajistis li, l ap mayifye lalwa a epi l ap fè l onorab.*

23 *Ou se yon pèp yo vòlè epi yo piye w; ènmi w yo, yo tout pare pyèj nan twou pou ou, epi yo fèmen w nan kay prizon; yo pran ou tankou bèt rapas, epi yo youn pa vle delivre w; yo fè piyay sou ou, epi pèsonn pa di konsa, restore.*

TJS, Jeremi 26:13. Konpare avèk Jeremi 26:13

Senyè a pa repanti, se lèzòm ki repanti.

13 *Kounyeya chanje atitud w yo ak zèv w yo, koute vwa Senyè Bondye w la, e repanti, e Senyè a ap detounen mal li te prononse kont ou.*

TJS, Amòs 7:3. Konpare avèk Amòs 7:3

Senyè a pa repanti, se lèzòm ki repanti.

3 *Epi Senyè a te di konsènan Jakòb, Jakòb pral repanti pou bagay sa a, se poutèt sa m p ap detwi l nèt, se sa Senyè a di.*

TJS, Matye 3:4–6. Konpare avèk Matye 2:4–6

Pwofèt yo te predi ke Bètleyèm se t ap kote Mesi a t ap pran nesans.

4 *Epi, lè l te fin reyini tout chèf prèt yo, ak direktè lalwa yo ki t ap dirije pèp la ansanm, li te mande yo: Kikote pwofèt yo ekri Kris la gen pou fèt la? Paske li te pè anpil, malgre li pa t kwè pwofèt yo.*

5 *Epi yo te reponn ni, Pwofèt yo ekri se nan lavil Bètleyèm nan peyi Jide li gen pou l fèt, paske se sa pwofèt yo di,*

6 *Pawòl Senyè a te vin sou nou, li te di, Epi oumenm, Bètleyèm, ki chita nan peyi Jida, yon prens gen pou l fèt lakay ou, ki se pa pi piti nan pami prens Jida yo; paske se lakay ou Mesi a va soti, ki pral sove pèp mwèn an, Izrayèl.*

TJS, Matye 3:24–26. Konpare avèk Matye 2:23

Jan plonje Jezi nan dlò pou l batize l, li wè Sentespri a desann sou fòm yon kolonb, epi li tande vwa Papa a.

24 *Epi se te konsa, Jezi te grandi avèk frè l yo, epi l te vin fò, epi l te rete tann Senyè a pou lè ministè li a rive.*

25 *Epi l te travay sou direksyon papa li, epi l pa t pale tankou lòt moun, ni tou yo pa t ka anseye l; paske li pa t bezwen pou okenn moun anseye l.*

26 *Epi apre anpil ane, lè ministè li a te pwoche.*

TJS, Matye 3:34–36. Konpare avèk Matye 3:8–9

Moun ki te rejte mesaj Jan Batis yo te rejte Kris la. Bondye kapab fè moun ki pa sòti nan Izrayèl yo vin yon pèp alyans.

34 *Poukisa w pa resewa pawòl moun Bondye voye a? Si w pa resewa sa a nan kè w, ou pa resewa m; epi si w pa resewa m, ou pa resewa moun ki voye m pou m rann*

temwayaj la; epi w pa gen okenn manto pou kouvri peche w.

35 *Se poutèt sa, repanti, epi pwodui fwi ki mennen nan repantans;*

36 *Epi pa di nan tèt nou, Se pitit Abraram nou ye, epi se noumenm sèl ki gen pouvwa pou pote posterite pou Abraram; paske m ap di nou, Bondye kapab pran wòch sa yo pou l fè yo tounen pitit pou Abraram.*

TJS, Matye 3:38–40. Konpare avèk Matye 3:11–12

Jan Batis temwaye ke Jezi gen pouvwa pou batize avèk Sentespri a epi ak dife.

38 *Mwenmenm mwen batize nou ak dlo, pou mennen nou ala repantans; epi lè limenm mwen rann temwayaj la vini, ki pi puisan pase m nan, mwen pa menm diy pou m ta mete soulye ki nan pye l, (oubyen moun mwen pa kapab ranpli plas li a), jan m di a, mwen batize nou anvan li vini, pou lè l vini li ka batize nou avèk Sentespri a epi ak dife.*

39 *Epi se konsènan li menm mwen rann temwayaj la, l ap gen laye l nan men li, epi li pral netwaye glasi a, epi l ap rasanble ble a nan grenye a; men nan plenitud pwòp tan pa l, l ap boule pay la nan dife ki p ap janm mouri.*

40 *Epi se konsa Jan te vini, li t ap preche ak batize nan rivyè Jouden an; li t ap rann temwayaj ke moun ki te gen pou vini apre l la te gen pouvwa pou batize avèk Sentespri a epi ak dife.*

TJS, Matye 3:43–46. Konpare avèk Matye 3:15–17

Jan batize Jezi pa imèsyon, li wè Sentes-

pri a desann sou fòm yon kolonb, epi li tande vwa Papa a.

43 *Epi Jezi te reponn, li te di l konsa, aksepte pou m batize nan men ou, paske se konsa pou nou akonpli lajistis la toutantye. Lè sa a, li te aksepte batize l.*

44 *Epi Jan te desann nan dlo a epi l te batize l.*

45 *Epi lè Jezi t ap batize a, li te leve kanpe tou dwat nan dlo a; epi Jan te wè, epi reyèlman syèl la te louvri devan li, epi li te wè Lespri Bondye ki t ap desann tankou yon pijon epi l te poze sou Jezi.*

46 *Epi reyèlman li te tande yon vwa ki soti nan syèl la, ki t ap di konsa, Se Pitit Gason byenneme m nan, ki fè m plèzi a. Koute l.*

TJS, Matye 4:1, 5–6, 8–9.

Konpare avèk Matye 4:1, 5–6, 8–9; kèk chanjman sanblab te fèt nan Lik 4:2, 5–11

Se Lespri a ki te dirije Jezi, se pa t Satan.

1 *Aprè sa, Lespri a te dirije Jezi al nan dezè a, pou l te kapab avèk Bondye.*

5 *Aprè sa, Lespri a te leve Jezi al nan vil sen an, epi Lespri a te mete l sou pwent flèch tanp la.*

6 *Lè sa a, dyab la te vin kote l, epi l te di l konsa, Si w se Pitit Gason Bondye a, lage kò w anba, paske ekriti yo te di: Li t ap pase zanj li yo lòd pou yo responsab ou, epi y ap pote w nan men yo, pou nan nenpòt moman ou pa ta frape pye w nan yon wòch.*

8 *Epi ankò, Lespri ki te nan Jezi a te pote l monte sou yon mòn ki te wo anpil, epi li te montre l*

tout wayòm yo mond lan te genyen ak laglwa yo.

9 Epi *dyab la te vin kote l ankò, epi l te di konsa, M ap ba w tout bagay sa yo, si w bese pou w adore m.*

TJS, Matye 4:11. Konpare avèk Matye 4:11

Jezi voye zanj yo pou al sèvi Janbatis.

11 Epi *kounyeya, Jezi te konnen yo te mete Jan nan prizon, epi l te voye zanj yo, epi reyèlman, yo te vini epi yo te sèvi l.*

TJS, Matye 4:18. Konpare avèk Matye 4:19

Pwofèt Ansyen Testaman yo pale konsènan Jezi.

18 Epi *li te di yo konsa, se konsènan mwen menm pwofèt yo te ekri a; suiv mwen, epi m ap fè nou tounen pechè lèzòm.*

TJS, Matye 4:22. Konpare avèk Matye 4:23

Jezi geri moun nan pami sila yo ki te kwè nan non Li yo.

22 Epi Jezi t al nan tout Galile pou l preche nan sinagòg yo, epi pou l preche levanjil wayòm nan; epi pou l geri tout kalite *maladi*, nan pami moun *ki te kwè nan non li.*

TJS, Matye 5:21. Konpare avèk Matye 5:19

Moun ki respekte kòmandman yo epi ki anseye lòt moun pou yo fè menm bagay la tou, y ap sove.

21 Se sa ki fè, yon moun ki dezobeyi youn nan pi piti nan kòmandman sa yo, epi ki anseye lòt moun pou yo fè menm jan an

tou, li p ap sove nan wayòm syèl la; men yon moun ki respekte epi anseye kòmandman lwa sa yo jis-kaske l akonpli, yo va rele moun sa a gran, epi li va sove nan wayòm syèl la.

TJS, Matye 6:14. Konpare avèk Matye 6:13; kèk chanjman sanblab te fèt nan Lik 11:4

Senyè a pa mennen nou nan tantasyon.

14 Epi pa kite dyab la mennen nou nan tantasyon, men delivre tèt nou anba mal.

TJS, Matye 6:22. Konpare avèk Matye 6:22

Si je nou fikse sou laglwa Bondye, tout kò nou va ranpli avèk limyè.

22 Limyè kò a se je yo; se pou tèt sa, si je nou fikse *sou laglwa Bondye*, tout kò nou va ranpli avèk limyè.

TJS, Matye 6:25–27. Konpare avèk Matye 6:25; 10:10

Jezi avèti disip li yo sou difikilte y ap jwenn nan travay yo a men li pwomèt l ap prepare chemen an epi Pè Selès la ap pran swen yo.

25 Epi, *ankò, m ap di nou, Ale nan mond lan, men pa sousye nou de mond lan; paske mond lan ap rayi nou, epi y ap pèsekite nou, epi y ap mete nou deyò nan sinagòg yo.*

26 *Sepandan, nou dwe ale sòti nan yon kay al nan yon lòt, pou anseye pèp la; epi m prale devan nou.*

27 Epi Pè Selès la ap pran swen nou, nan tout sa nou bezwen pou manje, ak sa nou pral manje; ak pou rad, sa n ap mete sou nou.

TJS, Matye 6:38. Konpare avèk Matye 6:33

Nou ta dwe chèche bati wayòm Bondye a premyèman.

38 *Se sa ki fè, pa chèche bagay ki nan mond sa a, men, chèche bati wayòm Bondye a premyèman, epi pou tabli lajistis li, epi tout bagay sa yo ap vin yon diplis ajoute pou ou.*

TJS, Matye 7:1–2. Konpare avèk Matye 7:1–2

Pa jije enjisteman.

1 *Kounyeya, sa yo se pawòl Jezi te anseye disip li yo pou yo di pèp la.*

2 *Pa jije enjisteman pou yo pa jije w tou; men, fè jijman ki jis.*

TJS, Matye 7:4–8. Konpare avèk Matye 7:3–5

Jezi anseye disip li yo pou yo konfwonte eskrib yo, Farizyen yo, ak prèt yo, ak Levit yo poutèt ipokrizi yo.

4 *Epi ankò, nou va di yo, poukisa nou gade ti pay ki nan je frè nou an, men nou pa wè gwo bout bwa ki nan je pa nou an?*

5 *Oubyen kòman nou fè ap di frè nou: ban m wete pay ki nan je w la; epi nou pa ka wè yon bout bwa nan je nou?*

6 *Epi Jezi di disip li yo, èske nou wè eskrib yo, ak Farizyen yo, ak prèt yo, ak Levit yo? Yo anseye nan sinagòg yo, men yo pa obsève lalwa a, ni kòmandman yo; epi yo tout kite chemen an, epi yo anba peche.*

7 *Ale epi di yo, Poukisa n ap anseye moun yo lwa a ak kòmandman yo, pandan nou menm se pitit kòripsyon nou ye?*

8 *Di yo, Ipokrit, wete bout bwa*

nan je w la anvan; epi apre sa w ap wè klè pou w wete pay la nan je frè w la.

TJS, Matye 7:9–11. Konpare avèk Matye 7:6

Jezi anseye disip Li yo pou yo preche repantans epi pou yo pa pataje mistè yo ki nan wayòm nan avèk mond lan.

9 *Ale nan mond lan, di tout moun, Repanti, paske wayòm syèl la ap vini jwenn nou.*

10 *Epi nou dwe kenbe mistè yo ki nan wayòm nan nan pami nou; paske se pa nesesè pou nou bay chyen yo bagay ki sen; ni tou pou nou jete pèl nou yo devan kochon, pou yo pa pilonnen yo anba pye yo.*

11 *Paske mond lan pa kapab resevwa bagay ke noumenm menm, pa kapab akseptè; se sa ki fè, nou pa dwe ba yo pèl nou yo, pou yo pa retounen vin mòde nou.*

TJS, Matye 7:12–17. Konpare avèk Matye 7:7–8

Jezi anseye disip li yo ke, tout moun ki mande revelasyon, Papa a ba yo li.

12 *Di yo, Mande Bondye; mande, epi n ap resevwa; chèche, epi n ap jwenn; frape, epi y ap louvri pou nou.*

13 *Paske chak moun ki mande, resevwa; epi moun ki chèche a ap jwenn; epi moun ki frape y ap louvri pou li.*

14 *Epi, disip li yo di li, Yo pral di nou: Noumenm, nou jis, epi nou pa bezwen okenn moun anseye nou. Nou konnen Bondye te tandè Moyiz ak kèk lòt pwofèt; men noumenm, li p ap tandè nou.*

15 *Epi yo pral di, Nou gen lwa a pou sali nou, epi sa sifi pou nou.*

16 *Lè sa a Jezi te reponn, epi li di disip li yo, Men sa pou nou di yo,*

17 *Kiyès nan pami nou, si l gen yon pitit, ki kanpe deyò, epi ki di l: Papa, ouvri kay ou a pou mwen pou m ka antre vin manje avèk ou, ki p ap di li, antre, pitit mwen, paske sa k pou mwen se pou ou, epi sa k pou ou se pou mwen?*

TJS, Matye 9:18–21. Konpare avèk Matye 9:16–17

Jezi rejte batèm Farizyen yo; li pa gen okenn valè paske yo pa aksepte li. Li pwoklame ke se Limenn ki te bay lwa Moyiz la.

18 *Lè sa a Farizyen yo te di l konsa, poukisa w pa vle resevwa nou avèk batèm nou an, paske nou kenbe lalwa a toutantye?*

19 *Men Jezi te di yo konsa, nou pa kenbe lalwa a. Si nou te kenbe lalwa a, nou t ap resevwa m, paske se mwen menm ki te bay lalwa a.*

20 *M pa resevwa nou avèk batèm nou an, paske l pa itil nou anyen.*

21 *Paske lè sa a ki nouvo a vini, ansyen an toupre pou yo mete l sou kote.*

TJS, Matye 11:13–15. Konpare avèk Matye 11:10–11, 13–14

Jan Batis se Eli ki te gen pou l vini pou prepare chemen Sovè a.

13 *Men jou yo ap vini, kote moun vyolan pap gen okenn pou- vwa; paske tout pwofèt yo ak lwa a te pwofetize se konsa sa t ap ye jiskaske Jan vini.*

14 *Wi, tout sa k te pwofetize yo te predi tan sa yo.*

15 *Epi si nou resevwa li, an ve- rite, se li k te Eli ki te gen pou vini pou prepare tout bagay la.*

TJS, Matye 12:37–38. Konpare avèk Matye 12:43–44; gade TJS, Lik 12:9–12 tou

Kèlkeswa moun ki pale kont Sentespri a, yo p ap jwenn padon.

37 *Epi kèk nan doktè lalwa yo avanse epi yo di li, Mèt, ekriti yo di, Tout peche ap jwenn padon; men oumenm ou di, kèlkeswa moun ki pale kont Sentespri a, yo p ap jwenn padon. Epi yo mande li, Ki- jan sa ka fè fèt?*

38 *Epi li di yo, Lè yon movè- zespri soti sou yon moun, l al pwomennen toupatou nan sa- vann yo, ap chèche yon kote pou l pran repo men li pa jwenn okenn kote; men lè yon moun pale kont Sentespri a, lè sa a li di, M ap tounen kalay mwen kote m te soti a; epi lè l vini, li jwenn ni vid, byen bale, byen ranje; paske bon lespri a kite l poukont li.*

TJS, Matye 13:39–44. Konpare avèk Matye 13:39–42; gade D&A 86:1–7 tou

Anvan fen mond lan (destriksyon me- chan yo), mesajè yo voye sòti nan syèl la pral rasanble moun jis yo retire yo pami mechan yo.

39 *Rekòt la se fen mond lan, oubyen destriksyon mechan yo.*

40 *Moun k ap ranmase rekòt la se zanj yo, oubyen mesajè yo voye sòti nan syèl la.*

41 *Se poutèt sa, menmjan yo rasanble move zèb yo epi boule yo nan dife a, se konsa sa pral ye nan fen mond sa a, oubyen destrik- syon mechan yo.*

42 *Paske nan jou sa a, anvan Pi- tit Lòm nan vini an, l ap voye zanj li yo ak mesajè sòti nan syèl la.*

43 *Epi y ap wete tout sa ki*

ofanse moun yo nan wayòm li an, ak tout moun k ap fè inikite yo; epi y ap chase yo voye yo *ale pami mechan yo*; epi kote sa a pral gen kriye ak manje dan.

44 *Paske mond lan pral boule anba dife.*

TJS, Matye 16:25–29. Konpare avèk Matye 16:24–26

Jezi eksplike kisa sa vle di pou yon moun “pran kwa li”: nye tout bagay ki pa sen ak tout konvwatiz mond lan epi respekte kòmandman L yo.

25 Apre sa Jezi te di disip li yo konsa, si nenpòt moun vle suiv mwen, li dwe nye tèt li, pou l pran kwa l epi pou l suiv mwen.

26 *Epi kounyeya, pou yon moun pran kwa li, sa vle di pou l deba- rase tèt li anba tout sa ki pa sen, ak tout anvi monden, epi pou l kenbe kòmandman mwen yo.*

27 *Pa kraze kòmandman m yo pou nou ka sove lavi nou; paske moun k ap sove lavi l nan mond sa a, li va pèdi l nan mond k ap vini an.*

28 Epi moun ki pèdi lavi li nan mond sa a, pou mwen, li va jwenn li nan mond k ap vini an.

29 *Se poutèt sa, bliye mond lan, epi sove nanm nou; paske kisa sa ap sèvi yon moun pou l ta genyen tout mond lan annantye si l ta pèdi nanm li? Oubyen kisa yon moun ta dakò bay pou nanm li?*

TJS, Matye 17:10–14. Konpare avèk Matye 17:11–13

Jezi anseye konsènan de Eli—youn pou prepare ak yon lòt pou retabli.

10 Epi Jezi te reponn, li te di yo konsa, toutbon, Eli t ap vini

premyèman, pou l restore tout bagay, *jan pwofèt yo te ekri a.*

11 *Epi ankò m di nou konsa, Eli te deja vini, konsènan limenm yo te ekri, Reyèlman m pral voye mesaje m nan, epi li pral prepare chemen an devan m; epi yo pa t konnen li, epi yo te fè l nenpòt sa yo te vle.*

12 Se konsa tou Pitit Gason lòm nan pral soufri anba men yo.

13 *Men, m di nou konsa, Kiyès ki Eli? Reyèlman se Eli m te voye pou prepare chemen an devan mwen.*

14 Apre sa disip yo te konprann li te pale yo konsènan Janbatis, *ak yon lòt ki te gen pou l vini pou restore tout bagay, jan pwofèt yo te ekri a.*

TJS, Matye 18:11. Konpare avèk Matye 18:11; gade tou nan Mowoni 8

Timoun piti pa bezwen repantans.

11 *Paske Pitit Gason lòm nan vini pou sove sa ki te pèdi, epi pou rele pechè yo vini repanti; men, timoun sa yo pa bezwen repantans, epi m ap sove yo.*

TJS, Matye 19:13. Konpare avèk Matye 19:13

Timoun piti yo ap sove.

13 *Apre sa, yo te mennen timoun piti yo ba li, pou l te mete men l sou yo epi pou l te priye. Epi disip yo te repwoche yo, disip yo te di konsa, Se pa nesèsè, paske Jezi te di konsa, sa yo pral sove.*

TJS, Matye 21:33. Konpare avèk Matye 21:32–33

Lòm dwe repanti anvan l kapab kwè nan Kris la.

33 *Paske yon moun ki pa kwè Jan konsènan mwèn, li pa kapab kwè m, eksepte si l repanti anvan.*

TJS, Matye 21:47–56. Konpare avèk Matye 21:45–46

Jezi deklare Li se wòch prensipal la. Li ofri Juif yo levanjil la epi apre sa li ofri Janti yo li. Mechan yo pral detwi lè Jezi retounen.

47 Epi lè chèf prèt yo ak Fari-zyen yo te tandè parabol li yo, yo te kwè li e pale konsènan yo.

48 *Epi yo te di nan pami yo, Èske nonm sa a panse li kapab detwi gran wayòm sa a pou kont li? Epi yo te fache kont li.*

49 Men, lè yo te chèche mete men sou li, yo te pè militid moun yo, paske yo te aprann, bann moun yo te konsidere l kòm yo pwofèt.

50 *Epi kounyeya, disip li yo te vin kote l, epi Jezi te di yo konsa, Èske nou etone pou pawòl an parabol m te pale ak moun sa yo?*

51 Toutbon, m di nou konsa, m se wòch la, mechan sa yo rejte m.

52 M se wòch ki pi enpòtan an. Juif sa yo pral tonbe sou mwèn, epi yo pral kraze.

53 *Epi, Senyè a pral pran wayòm Bondye a nan men yo, epi l pral mete l nan men yon nasyon ki pral pote fwi li yo; (ki vle di Janti yo.)*

54 *Se poutèt sa, sou nenpòt moun wòch sa a tonbe, l ap moulen l fè poud.*

55 *Epi lè Senyè jaden an vini, l ap detwi moun mizerab ki mechan sa yo, epi l ap anfème lòt fèmye jaden an, nan dènye jou yo menm, ki pral remèt li fwi yo nan sezon pa yo.*

56 *Epi lè sa a disip yo te konprann parabol li te pale yo a, ki te fè*

konnen, Janti yo pral detwi tou, lè Senyè a desann soti nan syèl la pou l tabli rèy li nan jaden li a, ki se tè a ak abitan ki sou li yo.

TJS, Matye 23:6. Konpare avèk Matye 23:9

Limennm ki nan syèl la li se kreyatè nou.

6 Epi pa rele *okenn* moun kreyatè w sou tè a, oubyen *Papa w ki nan syèl la*; paske se yon sèl moun ki se *kreyatè w* ak *Papa w ki nan syèl la*, limennm menm ki nan syèl la.

TJS, Matye 26:22, 24–25.

Konpare avèk

Matye 26:26–28;

TJS, Mak 14:20–25

Jezi kase pen Sentsèn nan epi Li beni li. Sentsèn nan se kòm souvni kò ak san Jezi.

22 Epi pandan yo t ap manje, Jezi te pran pen an epi l te *rache l*, epi l te *beni l*, epi l te bay disip li yo, epi l te di konsa, Pran, manje; se nan memwa kò mwèn ke m te bay kòm pri pou rachte nou.

24 Paske se nan memwa san mwèn ki soti nan Nouvèl Alyans, la ki koule pou tout moun ki va kwè nan non mwèn, pou remisyon peche yo.

25 *Epi m ba nou yon kòmandman, pou nou obsève e pou nou fè bagay ke nou wè m fè yo, epi pou nou rann temwayaj konsènan mwèn jiska lafen.*

TJS, Matye 27:3–6. Konpare

avèk Matye 27:3–5;

Travay 1:18

Yo dekri lanmò Jida.

3 Apre sa, lè Jida, ki te trayi Jezi, te wè ke l te kondane, Jida

te repanti, epi l te retounen trant pyès ajan yo bay prèt anchèf yo ak ansyen yo,

4 Lè li te di konsa, m te fè peche paske m te trayi san nonm ki inosan an.

5 Epi yo te di l konsa, Ki mele nou? Se bagay ki gade w; peche w yo sou tèt pa w.

6 Epi l te voye pyès lajan yo nan tanp la, epi li te derape epi l te ale, epi l te pann tèt li sou yon pyebwa. Epi l te tonbe dwat apik, trip li te gaye soti, epi l te mouri.

TJS, Mak 2:26–27. Konpare avèk Mak 2:27–28

Pitit Gason Lòm nan se Senyè Saba a paske se li k te fè jou Saba a.

26 *Se poutèt sa, yo te bay lòm jou Saba a kòm yon jou repo; epitou pou lòm ka glorifye Bondye, epi yo pa bay li pou lòm pa manje;*

27 *Paske se Pitit Gason lòm nan ki te fè jou Saba a, konsa, Pitit Gason Lòm nan se Mèt Saba a tou.*

TJS, Mak 3:21–25. Konpare avèk Mak 3:28–30

Jezi ap padone tout pechè ki repanti eksept moun ki blasfeme kont Sentespri a.

21 *Epi apre sa, kèk moun te vin jwenn li, yo te akize l, yo te di, Poukisa w resevwa moun ki fè peche yo, etandone ou di w se Pitit Bondye.*

22 *Men li te reponn yo epi l te di, Anverite, m ap di nou, Tout peche lèzòm komèt, si yo repanti, yo va jwenn padon pou yo; paske mwen vini pou preche repantans pou pitit lèzòm yo.*

23 *Epi blasfèm yo, nan nenpòt ki fason yo te blasfeme, moun ki vin jwen mwen epi ki fè sa yo wè m fè yo, y ap jwenn padon pou yo.*

24 *Men, gen yon peche ki p ap janm jwenn padon. Moun ki blasfeme kont Sentespri a, yo p ap janm jwenn padon; men yo an danje pou yo chase yo sòti nan mond lan. Epi yo va eritye dansyon etènèl.*

25 *Epi se sa l te di yo, paske yo te di, Li gen yon movèzespri.*

TJS, Mak 7:10–12. Konpare avèk Mak 7:10

Jezi kondane moun ki rejte pwofèt yo epi ki pa obeyi lwa Moyiz la.

10 *Asireman, pwofèt nou te rejte yo te ekri sa sou nou.*

11 *Yo te temwaye konsènan bagay sa yo anverite, epi san yo ap sou nou.*

12 *Nou pa kenbe òdonans Bondye yo; paske Moyiz te di: Onore manman w ak papa w; epi, moun ki modi papa l oswa manman l, l ap mouri poutèt transgresyon sa a, jan sa ekri nan lwa nou an; men nou pa respekte lwa a.*

TJS, Mak 8:37–38. Konpare avèk Mak 8:35

Moun ki dispoze pou mouri pou Jezi yo ap resevwa sali.

37 *Paske moun ki ta vle sove lavi l, li va pèdi l; oubyen moun ki vle sove lavi l, dwe dispoze pou bay lavi l pou mwen; epi, si l pa dispoze pou bay lavi l pou mwen, li va pèdi l.*

38 *Men, moun ki va dispoze pou pèdi lavi l pou mwen, moun sa a va sove l.*

TJS, Mak 8:42–43. Konpare avèk Mak 8:38

Moun ki wont Kris la, yo p ap patisipe nan premye rezirèksyon an, men moun

ki dispoze pou yo mouri pou Kris la, y ap vini avèk li nan laglwa li.

42 *Epi yo p ap patisipe nan premye rezirèksyon sa a lè l vini.*

43 *Paske, an verite, m ap di nou konsa, Li ap vini; epi moun ki bay lavi li pou mwen ak pou levanjil la, yo va vini avèk li, epi yo va abiye avèk laglwa li nan nyaj yo, adwat Pitit Gason Lòm nan.*

TJS, Mak 9:3. Konpare avèk Mak 9:4

Janbatis sou Mòn Transfigirasyon an.

3 *Epi Eli ak Moyiz, oubyen ki vle di, Janbatis ak Moyiz te parèt devan yo; epi yo t ap pale avèk Jezi.*

TJS, Mak 9:40–48. Konpare avèk Mak 9:43–48

Jezi fè konparezon ant koupe yon men oubyen yon pye ki ap ofanse avèk elimine asosyasyon ak moun ki ka fè nou egare sou chemen nou.

40 *Se poutèt sa, si men ou ofanse w, koupe l; oubyen si frè w la ofanse w epi l pa konfese oubyen repanti, l ap retranche. Li pi bon pou w antre kote ki gen lavi a avèk yon sèl men pase pou ale nan lanfè avèk de men.*

41 *Paske li pi bon pou w antre kote ki gen lavi a san frè w la, pase pou ou menm ak frè w la nan lanfè; nan dife ki p ap janm etenn nan, kote vè ki nan kadav yo p ap mouri, epi dife a pa p etenn.*

42 *Epi ankò, si pye w ofanse w, koupe l; paske moun ki modèl wa, moun ki egzanp wa, si l vin tounen yon transgresè, l ap retranche.*

43 *Li pi bon pou w antre ak yon sel pye lavi kote ki gen, pase pou w gen de pye epi pou yo*

chase w al nan lanfè; nan dife ki p ap janm etenn nan.

44 *Se poutèt sa, se pou chak moun kanpe oubyen tonbe, oubyen tonbe pou kont li, epi pa akoz yon lòt; oubyen pou l pa met konfyans l nan yon lòt.*

45 *Mande Papa mwen, epi nan menm moman an, w ap resevwa sa w mande a, si w mande avèk lafwa, si w kwè w ap resevwa l.*

46 *Epi si je w ki wè pou ou a, limenm ki la pou dirije epi pou montre w limyè a, vin tounen yon transgresè epi l ofanse w, rache l jete.*

47 *Li pi bon pou w ta antre nan wayòm Bondye a avèk yon sèl je, pase pou w ta gen de je epi pou w ta ale nan dife lanfè.*

48 *Paske li pi bon pou w ta sove pou tèt pa w, pase pou w ale nan lanfè avèk frè w la, kote vè ki nan kadav yo pa mouri, epi kote dife a pa p etenn.*

TJS, Mak 12:32. Konpare avèk Mak 12:27

Bondye pa yon Bondye moun mouri yo, paske Li leve moun ki mouri yo soti nan tonb yo.

32 *Se poutèt sa li pa Bondye moun ki mouri yo, men, li se Bondye moun ki vivan yo; paske li leve yo soti nan tonb yo. Se poutèt sa, nou nan gwo erè.*

TJS, Mak 14:20–26. Konpare avèk Mak 14:22–25

Jezi tabli sentsèn nan an souvni kò Li ak san Li.

20 *Epi kòm yo te manje, Jezi te pran pen an, epi l te beni l, epi l te rache l, epi l te ba yo l, epi l te di konsa, Pran l, epi manje.*

21 *Reyèlman se pou nou fè sa nan memwa kò mwen; paske osi souvan nou fè sa, w ap sonje lè a mwen te avèk nou.*

22 Epi l te pran vè a, epi lè l te fin bay remèsiman, li te ba yo l; epi yo tout te bwè ladan l.

23 Epi l te di yo konsa, se nan memwa san mwen ki koule pou anpil moun, epi se *Nouvo Testaman m ba nou an; paske nou dwe rann temwayaj bay tout mond lan konsènan mwen.*

24 *Epi osi souvan nou fè òdonans sa a, w ap sonje m te avèk nou nan lè sa a, epi m te bwè nan vè sa a avèk nou, pou dènye fwa sa a menm nan ministè m nan.*

25 Toutbon, m di nou konsa, nou dwe rann temwayaj konsènan bagay sa a; paske m p ap bwè nan fwi rezen an avèk nou ankò, jouk nan jou m pral bwè l ankò nan wayòm Bondye a.

26 *Epi kounyeya yo te tris, epi yo te kriye pou li.*

TJS, Mak 14:36–38. Konpare avèk Mak 14:32–34

Nan Jetsemane, menm kèk nan Douz yo pa fin totalman konprann wòl Jezi kòm Mesi a.

36 Epi yo te vini nan yon kote ki te rele Jetsemane, *ki te yon jaden; epi disip yo te kòmanse vin frikat anpil, epi twouble anpil, epi yo te plenyen nan kè yo, yo t ap mande tèt yo si se te Mesi a.*

37 *Epi paske Jezi te konnen kè yo, li te di disip li yo konsa, Chita la pandan m ap priye.*

38 Epi l te mennen Pyè, ak Jak, ak Jan avèk li, *epi l te repwoche yo, epi l te di yo konsa, Nanm mwen*

tris anpil, menm jiska lanmò; rete la epi veye.

TJS, Mak 16:3–6. Konpare avèk Mak 16:4–7; Lik 24:2–4

De zanj salye fi yo nan tonb Sovè a.

3 *Men lè yo te gade, yo te wè wòch la te deplase, (paske li te gwo anpil,) epi de zanj yo te chita sou li, yo te abiye avèk rad long ki blanch; epi fi yo te pè.*

4 *Men, zanj yo te di yo konsa, pa pè; n ap chèche Jezi Nazarèt ki te krisifye a; li leve; li pa la; gade kote yo te mete l la;*

5 *Epi ale nan wout nou, di disip li yo ak Pyè konsa, li ale anvan nou nan Galile; se la nou pral wè li jan l te di nou an.*

6 *Epi yo te antre nan tonb lan, yo te wè plas kote yo te mete Jezi a.*

TJS, Lik 1:8. Konpare avèk Lik 1:8

Zakari, papa Janbatis, ap fè travay prèt-triz la.

8 Epi pandan l t ap egzekite ofis prèt la devan Bondye, nan lòd prèt-triz la,

TJS, Lik 2:46. Konpare avèk Lik 2:46

Doktè yo nan tanp lan ap koute Jezi epi yo ap poze L kesyon.

46 Epi se te konsa, apre twa jou, Jozèf ak Mari te jwenn li nan tanp la, li te chita nan mitan Doktè yo, *epi yo t ap tande l, epi yo t ap poze l kesyon.*

TJS, Lik 3:4–11. Konpare avèk Lik 3:4–6

Kris la ap vini jan yo pwofetize a pou pote sali bay Izrayèl ak Janti yo. Nan

plenitid tan yo, L ap retounen ankò pou jije mond lan.

4 Jan sa te ekri nan liv *pwo-fèt Ezayi a*; *epi men pawòl yo ki di konsa, Vwa yon moun t ap rele nan dezè a, Prepare chemen Senyè a, epi fè santye li yo vin plat.*

5 *Paske reyèlman vre, li pral vini, jan sa te ekri nan liv pwofèt yo, pou retire peche mond lan, epi pou l pote sali bay nasyon payen yo, pou rasanble ansanm moun ki te pèdi yo, ki fè pati nan twoupo Iz-rayèl la;*

6 *Wi, sa ki te dispèse epi ki te aflije yo menm; epi tou pou prepare chemen an, epi pou rann predikasyon levanjil la posib pou Janti yo;*

7 *Epi pou l yon limyè pou tout moun ki chita nan tenèb yo, nan pati ki pi lwen sou tè a; pou reyalize rezirèksyon mò yo, epi pou monte anlè a, pou rete bò kote dwat Papa a,*

8 *Jouk akonplisman tan yo, epi lalwa a ak temwayaj la pral sele, epi li pral bay Papa a kle wayòm nan ankò;*

9 *Pou bay tout moun jistis; pou desann nan jijman sou tout moun, epi pou konvenk tout moun ki pa gen pyete yo konsènan zak enpyete ke yo te komèt yo; epi tout bagay sa yo pral fèt nan jou l ap vini an;*

10 *Paske se yon jou pououwa; wi, chak vale pral ranpli, epi chak mòn ak kolin pral plati; sa ki kwochi pral vin dwat, epi chemen douk yo pral vin lis;*

11 *Epi tout kò fizik pral wè sali Bondye a.*

TJS, Lik 3:19–20. Konpare avèk Lik 3:10–13

Yo pran swen pòv yo apati de abondans

trezò a. Pibliken yo (kolektè taks yo) pa dwe pran plis pase lalwa egzijè yo.

19 *Paske w konnen byen, Teyofil, daprè jan Juif yo fè, epi selon kou-tim lwa yo a nan resewa lajan pou mete nan trezò a, nan abondans yo te resewa a, yo te mande yo pou bay pòv yo, chak grenn pòv, chak moun pòsyon pa li;*

20 *Epi, pibliken yo te fè daprè jan sa a tou, se poutèt sa Jan te di yo: pa pran plis pase sa yo mande nou an.*

TJS, Lik 6:29–30. Konpare avèk Lik 6:29–30

Jezi anseye li pi bon pou nou andire pè-seksiyon pase pou nou goumen avèk yon ènmi.

29 *Epi, si yon moun ba nou yon souflèt sou yon bò figi, vire lòtbò a ba li tou; oubyen, otremandi, li pi bon pou nou vire lòtbò figi a, pase pou nou ta revòlte ankò. Epi, si yon moun pran levit nou, kite l pran chemiz nou tou.*

30 *Paske li pi bon pou nou kite ènmi nou an pran bagay sa yo pase pou nou goumen avèk li. Anverite, mwèn di nou, Papa nou ki nan syèl la, ki wè nan sekrè, va jije mechan sa a.*

TJS, Lik 9:24–25. Konpare avèk Lik 9:24–25

Akeri richès mond lan pa vo lapèn pou yon moun pèdi nanm ni.

24 *Paske moun ki ta vle sove lavi l, dwe pare pou pèdi li pou mwèn; epi moun ki pral dispoze pou pèdi lavi li pou mwèn, moun sa a va sove l.*

25 *Paske kisa sa ta sèvi yon moun pou l ta gen lemond antye, epi se pandan li pa resewa moun*

Bondye òdone a, epi li pèdi nanm ni, epi li menm li vin tounen yon moun ki pèdi?

TJS, Lik 11:53. Konpare avèk Lik 11:52

Totalite ekriti yo se kle konesans.

53 Malè nou, avoka yo! Paske nou retire kle konesans lan, *plenitid ekriti yo; nou pa antre pou tèt pa nou nan wayòm nan; epi nou anpeche moun ki t ap antre yo.*

TJS, Lik 12:9–12. Konpare avèk Lik 12:9–10; gade TJS, Matye 12:37–38 ak D&A 132:26–27 tou

Jezi eksplike ke blasfèm kont Sentespri a p ap padone.

9 Men yon moun *ki nye m devan lèzòm, y ap nye l tou devan zanj Bondye yo.*

10 *Kounyeya, disip li yo te konnen li di sa poutèt yo te pale mal konsènan li devan pèp la; paske yo te pè konfese l devan lèzòm.*

11 *Epi yo te rezone nan pami yo, yo te di konsa, Li konnen kè nou, epi li pale pou kondanasyon nou, epi nou p ap padone. Men, li te reponn yo, epi l te di yo konsa,*

12 *Nenpòt moun ki pale yon pawòl kont Pitit Gason lòm nan, epi ki repanti, l ap padone; men yon moun ki blasfeme kont Sentespri a, li p ap padone.*

TJS, Lik 12:41–57. Konpare avèk Lik 12:37–48

Jezi anseye ke sèvitè L yo dwe toujou prè pou Vini Senyè a.

41 *Paske reyèlman, l ap vini nan premye vèy nuit la, epi tou l ap vini*

nan dezyèm vèy nuit la, epi ankò l ap vini nan twazyèm vèy la.

42 *Epi toutbon, m di nou konsa, li te deja vini jan sa te ekri konsènan li a; epi ankò lè l ap vini nan dezyèm vèy la, oubyen vini nan twazyèm vèy la, sèvitè li jwenn k ap veye lè l vini yo ap beni;*

43 *Paske Senyè a sèvitè sa yo pral abiye l limenm menm, epi l pral fè yo chita pou yo manje, li pral vini epi l pral sèvi yo.*

44 *Epi kounyeya, toutbon, m di nou bagay sa yo, pou nou kapab konnen bagay sa a, aparisyon Senyè a se tankou yon vòlè ki parèt nan nuit.*

45 *Epi se tankou yon nonm ki se mèt yon kay, si l pa siveye byen l yo, vòlè ap vini nan yon lè li pa konnen, pou pran byen l yo epi pou separe yo avèk parèy li yo.*

46 *Epi yo di nan pami yo konsa, mèt kay la te konnen ki lè vòlè a t ap vini, li ta siveye, epi l pa t ap kite yo kase kay la pou l pèdi byen l yo.*

47 *Epi l te di yo konsa, Toutbon, m di nou, nou dwe prepare tou; paske Pitit Gason lòm nan ap vini nan yon lè nou pa panse.*

48 *Après sa Pyè te di l konsa, Senyè a, èske w ap pale parabòl sa a pou nou, oubyen pou tout moun?*

49 *Epi Senyè a te di konsa, m ap pale avèk moun Senyè a pral mete kòm dirijan yo sou kay li a, pou yo bay pitit li yo pòsyon pa yo nan manje a nan sezon apwo-priye.*

50 *Epi yo te di konsa, enben, Ki-yès ki sèvitè fidèl epi ki saj la?*

51 *Epi Senyè a te di yo konsa, Se sèvitè k ap veye a, pou l pataje*

pòsyon manje li a nan sezon apwo-priye.

52 Sèvitè sa a beni lè *Senyè* a vini jwenn l ap fè travay li.

53 An verite m di nou konsa, l ap mete l dirije sou tout sa li genyen.

54 Men, move sèvitè se moun yo jwenn ki p ap veye a. Epi si yo jwenn li p ap veye, l ap di konsa nan kè l, *Senyè* m nan prantan pou l vini; epi l pral kòmanse bat lòt sèvitè yo ak sèvant yo, epi l ap manje ak bwè epi l ap sou.

55 *Senyè* sèvitè sa a vini nan yon jou li pa t atann, epi nan yon lè li pa konnen, epi l pral detwi l, epi l pral ba li pòsyon pa l avèk enkwayan yo.

56 Epi sèvitè sa a ki te konnen volonte *Senyè* l la, ki pa t prepare pou lè *Senyè* l la ap vini an, epi tou ki pa t fè volonte l, pral resevwa anpil kout fwèt.

57 Men yon moun ki pa t konnen volonte *Senyè* l la, epi ki te komèt aksyon ki merite kout fwèt, ap resevwa sèlman kèk kout fwèt. Paske yon moun *Senyè* a bay anpil, *Senyè* a ap reklame anpil nan men l; epi yon moun *Senyè* a te konfyè anpil bagay, lèzòm pral reklame plis nan men l.

TJS, Lik 14:35–37. Konpare avèk Lik 14:34

Moun ki konn Moyiz ak pwofèt yo kwè nan Jezi.

35 *Après, kèk nan yo te vin jwenn ni, yo te di, Bon Mèt, nou gen Moyiz ak pwofèt yo, epi tout moun ki suiv ansèyman yo, èske yo p ap gen lavi?*

36 Epi Jezi reponn, li di, *Nou pa*

konn Moyiz, ni pwofèt yo; paske si nou te konnen yo, nou t ap kwè nan mwen; paske se nan bi sa a yo te ekri. Paske yo voye m pou nou ka gen lavi. Se poutèt sa, m ap konpare sa avèk sèl ki se yon bon bagay;

37 Men si sèl la pèdi gou li, ak kisa pou n fè l sale ankò?

TJS, Lik 16:16–23. Konpare avèk Lik 16:16–18

Lwa a ak pwofèt yo temwaye konsènan Jezi. Farizyen yo chèche detwi wayòm nan. Jezi entwodui parabol nonm rich la ak Laza a.

16 *Epi yo te di l konsa, nou gen lalwa a ak pwofèt yo; men, kanta nonm sa nou p ap resevwa l kòm dirijan nou; paske li mete tèt li kòm yon jij sou tèt nou.*

17 Epi Jezi te di yo konsa, lwa a ak pwofèt yo temwaye konsènan mwen; wi, tout pwofèt ki te ekri yo, menm jiska Jan, yo te predi jou sa yo.

18 Depi lè sa a, wayòm Bondye a te preche, epi chak moun k ap chèche laverite kouri antre ladan l.

19 Epi li pi fasil pou syèl la ak tè a ta pase tan pou yon ti pwèn nan lalwa a pa ta akonpli.

20 *Epi poukisa n ap anseye lalwa a, epi nou nye sa ki ekri a; epi nou kondane moun Papa a te voye pou akonpli lalwa a, pou nou tout ta kapab rachte a?*

21 *Ensanse! paske nou di konsa nan kè nou, Pa gen Bondye. Epi nou pèvèti chemen dwat la; epi wayòm syèl la soufri vyolans anba men nou; epi nou pèsekite moun ki enb yo; epi nan vyolans nou an, n ap chèche detwi wayòm nan; epi*

nou pran pitit wayòm yo avèk fòs. Malè nou, adiltè!

22 Men, yo te ensilte l ankò, paske yo te fache poutèt li te di yo se adiltè.

23 Men, li te kontinye, li te di konsa, Nenpòt moun ki chase madanm li, epi ki marye avèk yon lòt, li komèt adiltè; epi nenpòt moun ki marye avèk madanm mari a te chase a a, li komèt adiltè. *Toutbon, m di nou konsa, m ap konpare nou avèk nonm rich la.*

TJS, Lik 17:21. Konpare avèk Lik 17:20–21

Wayòm Bondye a deja vini.

21 Yo pa pral di, Li isi! oubyen, Li la! Paske wayòm Bondye a nan mitan yo.

TJS, Lik 17:36–40. Konpare avèk Lik 17:37

Jezi rakonte parabòl malfini yo pou eksplike rasanbleman Sen L yo nan dènye jou yo.

36 Epi yo te reponn epi yo te di l konsa, Ki kote y ap mennan yo, Senyè?

37 Epi l te di yo konsa, Nenpòt kote kò a rasanble; oubyen otreman di, nenpòt kote sen yo rasanble, se la èg yo pral rasanble ansanm, oubyen se la rèz la pral rasanble ansanm.

38 Se sa li te di, pou esplike rasanbleman sen li yo; epi konsènan zanj k ap desann pou rasanble rèz la avèk yo; l ap pran youn nan kabann li epi l ap pran lòt la nan moulen an, epi l ap pran yon lòt nan jaden an, nenpòt kote lide l di l.

39 Paske toutbon, pral gen nouvo

syèl ak yon nouvo tè kote lajistis pral blayi.

40 Epi p ap gen okenn bagay ki pa pwòp; paske tè a vin vye, menm tankou yon rad, paske li kowonpi, se poutèt sa li disparèt, epi machpye a rete sanktifye, netwaye nan tout peche.

TJS, Lik 18:27. Konpare avèk Lik 18:27

Konfyans nan richès anpeche yon moun antre nan wayòm Bondye a.

27 Epi l te di yo konsa, li enposib pou moun ki mete konfwans nan richès antre nan wayòm Bondye a; Men yon moun ki abandone bagay ki nan mond sa a, se posib avèk Bondye pou moun sa a antre ladan l.

TJS, Lik 21:24–26. Konpare avèk Lik 21:25–26

Jezi pale de kèk siy lè Li pral vini yo.

24 Kounyeya, se bagay sa yo li te pale yo konsènan destriksyon Jerizalèm. Epi apre sa, disip li yo te mande l, yo te di konsa, Mèt, pale nou konsènan vini w ap vini an?

25 Epi l te reponn yo, epi l te di konsa, Nan jenerasyon lè tan Janti yo pral akonpli a, pral gen siy nan solèy la, ak nan lalin nan, ak nan zetwal yo; epi sou tè a pral gen detrès pou nasyon yon avèk etònman, tankou lanmè a ak lam yo ki pral monte byen wo. Tè a tou pral twouble, ak dlo yo ki nan pwofondè lanmè a;

26 Kè lèzòm pral sote paske yo pral pè, epi paske yo t ap chèche bagay sa yo ki pral rive sou tè a. Paske pouvwa yo ki nan syèl la pral souke.

TJS, Lik 21:32. Konpare avèk
Lik 21:32

Tout bagay pral akonpli lè tan Janti yo akonpli.

32 Toutbon, m di nou konsa, jenerasyon sa a, *jenerasyon lè tan Janti yo fin akonpli a p ap pase jis-tan tout bagay fin akonpli.*

TJS, Lik 23:35. Konpare avèk
Lik 23:34

Jezi mande padon pou sòlda Women ki te krisifye L yo.

35 Apre sa Jezi te di konsa, Papa, padone yo; paske yo pa konnen kisa y ap fè (*Ki vle di sòlda ki te krisifye l yo,*) epi yo te dechire rad li epi yo te fè ti-raj osò.

TJS, Lik 24:2-4. Konpare avèk
Lik 24:2-5

Medam yo wè de zanj bò kavo Jezi a.

2 Epi yo jwenn wòch ki te fè-men kavo a te woule byen lwen, *epi de zanj te kanpe bò kote li ak rad yo byen klere.*

3 Epi yo te antre *nan kavo a*, men yo pa t jwenn kò Senyè Jezi a, epi yo pa t konn sa pou yo te fè akoz de sa;

4 Epi yo te *pè anpil*, epi yo te bese tèt yo atè. *Men, gade, zanj yo te di yo, Poukisa n ap chèche moun ki vivan an nan mitan mò yo?*

TJS, Jan 1:1-34. Konpare avèk
Jan 1:1-34

Levanjil Jezikri a te preche depi nan kòmansman. Janbatis se Eli ki prepare chemen an pou Kris la, epi Jezikri se Eli ki retabli tout bagay epi ki fè sali a vini an.

1 Nan kòmansman, *levanjil la*

te preche pa mwayen Pitit Gason an. Epi levanjil la te pawòl la, epi pawòl la te avèk Pitit Gason an, epi Pitit Gason an te avèk Bondye, epi Pitit Gason an te soti nan Bondye.

2 Nan kòmansman an avèk Bondye.

3 Li te kreye tout bagay; epi pa t gen anyen ki te kreye san li.

4 *Levanjil la te nan li, epi levanjil la te lavi a, epi lavi a te limyè lèzòm;*

5 Epi limyè a te klere *nan mond lan, epi mond lan pa t apèsi l.*

6 Te gen yon nonm Bondye te voye, li te rele Jan.

7 Jan sa a te vini *nan mond lan* kòm yon temwen, pou rann temwayaj konsènan *limyè a, pou rann temwayaj konsènan levanjil la pa mwayen Pitit Gason an, bay tout moun, pou lèzòm kapab kwè pa mwayen limenm.*

8 Se pa Jan ki te *limyè a*, men, li te vin rann temwayaj konsènan *limyè sa a,*

9 Ki te vrè *limyè a*, li klere chak moun ki vini nan mond sa a;

10 *Pitit Gason Bondye a menm.* Limenm ki te nan mond lan, epi ki te kreye mond lan, epi mond lan pa t konnen l.

11 Li te vin kote moun li yo, epi moun li yo pa t resevwa l.

12 Men, tout moun ki te resevwa l, li te ba yo pouvwa pou yo vin tounen pitit Bondye; *sèlman pou moun ki kwè nan non li yo.*

13 *Li te fèt, non pa avèk san, ni avèk volonte lachè, ni avèk volonte lòm, men, avèk volonte Bondye.*

14 Epi *menm pawòl sa a te vin gen kò fizik, epi l te abite nan*

pami nou, epi nou te wè laglwa li, laglwa ki pou Sèl Pitit Literal Papa a, ki plen lagras ak laverite.

15 Jan rann tewayaj konsènan li, li te di konsa, *Se moun m t ap pale a; limenm ki t ap vini apre m nan, ke Bondye prefere pase m nan, paske li te la anvan m.*

16 *Paske Pawòl la te la nan kòmansman, Pitit Gason an menm, ki te vin gen kò fizik la, limenm volontè Papa a te voye ban nou an. Epi tout moun ki kwè nan non li y ap resevwa yon plenitid. Epi nou tout resevwa nan plenitid li, menm imòtalite ak lavi etènèl, pa mwayen gras li.*

17 Paske lwa a te bay pa mwayen Moyiz, men, lavi ak verite te vini pa mwayen Jezikri.

18 *Paske lalwa te baze sou lòd lachè, kite pote lanmò, men levanjil te baze sou pouvwa yon vi etènèl, gras ak Jezikri, Sèl Pitit Gason Literal la, ki nan sen Papa a.*

19 Epi pèsonn pa wè Bondye nan okenn epòk, eksepte moun ki rann temwayaj konsènan Pitit Gason an; *Paske si se pa pa mwayen li, pèsonn pa kapab sove.*

20 Epi sa se temwayaj Jan, lè Juif yo ak Levit yo te voye prèt ki soti nan Jerizalèm pou mande l; Kiyès ou ye?

21 Li te konfese, epi l pa t nye pou fè konnen li te Elyas; men li te konfese, li te di konsa, *Se pa mwen ki Kris la.*

22 Epi yo te mande l, *yo te di konsa, Kòman fè w se Elyas? Epi l te di konsa, m pa Elyas ki te gen pou l restore tout bagay yo. Epi yo te mande l, yo te di konsa, Èske w se pwofèt sa a? Epi l te reponn, Non.*

23 Apre sa yo te di l konsa, *Kiyès ou ye? pou nou kapab bay moun ki te voye nou yo yon repons. Kisa ou di konsènan tèt pa ou?*

24 Epi l te di konsa, *M se vwa moun k ap rele nan dezè a, Fè chemen Senyè a plat, jan pwofèt Ezayi te di a.*

25 Epi se Farizyen yo ki te voye moun sa yo.

26 Epi yo te mande l, epi yo te di l konsa; *Poukisa w ap batize moun, si w pa Kris la, ni Eli ki pou te restore tout bagay yo, ni pwofèt sa a?*

27 Jan te reponn yo, li te di konsa, *M batize moun avèk dlo, men gen youn nan pami nou, nou pa konnen;*

28 *Se konsènan limenm m rann temwayaj, li se pwofèt sa menm, Elyas, malgre l vini apre m, yo prefere l pase m, m pa menm diy pou m delase lasèt soulye l, oubyen m pa kapab pran plas li; paske li pral batize moun non sèlman avèk dlo, men avèk dife, epi avèk Sentespri a.*

29 Nan jou apre a, Jan te wè Jezi ki te vini kote l epi li te di konsa, *Reyèlman, men Ti Monton Bondye a, ki retire peche mond lan!*

30 Epi Jan te rann pèp la temwayaj konsènan li, li te di konsa, *Se te konsènan moun sa a m te di konsa, Apre mwen gen yon nonm k ap vini ke Bondye prefere pase m nan; Paske li te la anvan m, epi m te konnen l, epi m te konnen li te gen pou l fè Izrayèl wè l; se poutèt sa, m vini pou batize avèk dlo.*

31 Epi Jan te rann temwayaj,

li te di konsa, *Lè m te batize l, m te wè Lespri a desann soti nan syèl la tankou yon kolonb, epi l te rete sou li.*

32 Epi m te konnen l; *paske moun ki te voye m al batize moun avèk dlo a moun sa a te di m konsa, Moun ou wè Lespri a desann epi rete sou li a, se moun sa a ki batize moun avèk Sentespri a.*

33 M te wè, epi m rann temwayaj pou fè konnen, se Pitit Gason Bondye a.

34 *Bagay sa yo te fèt nan Beta-bara, lòtbò Jouden, kote Jan t ap fè batèm nan.*

TJS, Jan 1:42. Konpare avèk Jan 1:42

Sefas vle di “vwayan” oubyen “wòch.”

42 Epi l te mennen l bay Jezi. Epi lè Jezi te wè l, li te di konsa, Ou se Simon, pitit gason Jona a, yo pral rele ou Sefas, ki se entèpretasyon pou *yon vwayan oubyen yon wòch. Epi yo te pechè pwason. Menm lè a yo te kite tout bagay, epi yo te suiv Jezi.*

TJS, Jan 4:1–4. Konpare avèk Jan 4:1–2

Farizyen yo vle touye Jezi. Li fè kèk batèm, men disip Li yo fè plis.

1 Lè farizyen yo te tandè Jezi te fè epi l te batize plis disip pase Jan,

2 *Yo te chèche kèk mwayen avèk plis dilijans pou yo touye l; paske anpil moun te resewa Jan kòm yon pwofèt, men yo pa t kwè nan Jezi.*

3 *Kounyeya Senyè a te konnen sa, malgre li pa t batize anpil tankou disip li;*

4 *Li te kite yo prefere youn pase lòt kòm yon egzanp.*

TJS, Jan 4:26. Konpare avèk Jan 4:24

Bondye pwomèt vrè kwayan yo Lespri Li.

26 *Paske se moun konsa Bondye pwomèt Lespri li a. Epi moun ki adore li, yo dwe adore l nan lespri ak nan verite.*

TJS, Jan 6:44. Konpare avèk Jan 6:44

Volonte Papa a se pou nou tout resewa Jezi. Moun ki fè volonte Jezi yo ap leve nan rezirèksyon jis yo.

44 *Pèsonn pa ka vin jwenn mwen, eksepte si l fè volonte Papa m ki voye m nan. Epi sa se volonte li menm ki voye m nan, pou nou resewa Pitit Gason an; paske Papa a rann temwayaj de li; epi moun ki resewa temwayaj la, epi ki fè volonte moun ki voye m nan, M ap leve yo nan rezirèksyon jis yo.*

TJS, Jan 13:8–10. Konpare avèk Jan 13:8–10

Jezi lave pye Apot yo pou akonpli lwa Juif yo.

8 *Pyè te di l konsa, ou pa bezwen lave pye m. Jezi te reponn li, si m pa lave w, ou p ap ka asosye avèk mwen.*

9 *Simon Pyè te di l konsa, Senyè a, pa sèlman pye mwen, men tou men mwen yo ak tèt mwen.*

10 *Jezi te di l konsa, yon moun ki te lave men li ak tèt li sèlman bezwen lave pye li, paske li pwòp nèt; epi w pwòp, men pa tout sa. Se te koutim Juif yo sou*

lalwa yo a; se poutèt sa, Jezi te fè sa pou lalwa a kapab akonpli.

TJS, Jan 14:30. Konpare avèk Jan 14:30

Prens tenèb la oubyen Satan nan mond sa a.

30 Apre sa, m p ap pale anpil avèk ou; paske prens *tenèb la ki nan mond sa a* ap vini, *men li pa gen pouvwa sou mwen, men, li gen pouvwa sou nou.*

TJS, Travay 9:7. Konpare avèk Tra. 9:7; 22:9

Moun ki avèk Pòl yo nan konvèsyon l lan wè limyè a, men, yo pa tandè vwa Senyè a, ni wè Senyè a.

7 Epi *moun ki t ap vwayaje avèk li yo te reyèlman wè limyè a, epi yo te pè; men, yo pa t tandè vwa moun ki t ap pale avèk li a.*

TJS, Travay 22:29–30.
Konpare avèk
Travay 22:29–30

Kòmandan anchèf la delivre Pòl anba kòd li yo.

29 Lamenm, moun ki ta pral bat li pou fè l pale yo te retire kòd yo, epi kòmandan an te pè tou lè l te vin aprann ke li te yon sitwayen Women, paske li te mare li, *epi li te demare l anba kòd li yo.*

30 Nan demen, paske l te vin konnen egzakteman kisa Juif yo t ap akize Pòl, *li te kòmande chèf prèt yo ak tout gran konsèy yo pou yo parèt, epi l te mennen Pòl vini, epi l te mete l devan yo.*

TJS, Women 3:5–8. Konpare avèk Women 3:5–8

Pòl anseye ke yon moun pa kapab fè mal nan objektif pou l reyalize bon bagay.

5 Men si *nou rete nan eta enjis nou an epi nou rekonèt jistis Bondye, kijan pou nou ta oze di, Bondye enjis lè l pote vanjans li? (M ap pale antanke yon moun ki krenn Bondye,)*

6 Se pa sa ditou; paske, enben, kijan Bondye pral fè pou l jije mond lan?

7 Paske si, atravè mansonj mwen an, verite Bondye a parèt pi klè, (*jan Juif yo di a,)* si sa sèvi pou glwa li; poukisa n ap jije m kòm yon pechè toujou? Epi nou pa *resevwa m? Paske yo fè medizans sou nou;*

8 Epi gen kèk moun ki afime ke nou konn di, (*kondanasyon moun sa yo jis,)* Annou fè mal pou byen ka sòti nan li. *Men sa se pa verite.*

TJS, Women 4:2–5. Konpare avèk Women 4:2–5

Lòm kapab sèlman sove pa gras Jezikri, men pa atravè zèv ki anrapò ak obsèvan lwa Moyiz la.

2 Paske si sete *lwa zèv la* ki te jistifye Abraram, li t ap gen rezon pou l glorifye *tèt li*; epi pou l pa glorifye Bondye.

3 Paske, kisa ekriti a di? Abraram te kwè nan Bondye, epi se poutèt sa yo te konsidere l tan kou yon moun ki jis.

4 Moun ki *jistifye pa lwa zèv la*, li jwenn rekonpans li, non pa kòm yon gras, men kòm yon dèt yo peye l.

5 Men, moun ki *pa chèche pou yo jistifye l pa lwa zèv la*, men ki kwè nan moun ki *pa jistifye sa ki pa sòti nan Bondye, lafwa l konte kòm yon bagay ki jis.*

TJS, Women 4:16. Konpare avèk Women 4:16

Lafwa ak zèv, atravè lagras, nesèsè pou sali.

16 Se poutèt sa, *nou jistifye* nan lafwa ak zèv, *pa mwayen* gras, alafen pwomès la kapab asire pou tout desandan *yo*; pa sèlman pou moun *ki fè pati* nan lalwa a, men *pou moun ki fè pati* menm lafwa Abraram nan tou, ki se papa nou tout.

TJS, Women 7:5–27. Konpare avèk Women 7:5–25

Se Kris la sèlman ki gen pouvwa pou chanje nanm lèzòm pou byen nètale.

5 Paske, lè nou te nan lachè, pasyon peche yo, ki *pa t daprè* lwa a, te travay nan manm nou pou pote fwi ki bay lanmò.

6 Men kounyeya, nou delivre anba lalwa ki te kenbe nou an, *paske nou pa esklav lanmò* pou nou kapab sèvi avèk yon lespri nouvo, non pa avèk ansyen lèt la ki vin vye a.

7 Kisa nou dwe di? Èske lalwa a se peche? Jamè. Non, m pa t konnen kisa peche ye, si se pa t pou lalwa a; Paske m pa t konnen kisa anvi ye, si lalwa pa t di, Ou pa dwe konvwate.

8 Men peche pwofite okazyon an pa mwayen kòmandman an, li reveye tout kalite dezi nan mwen. Paske san lalwa a peche te mouri.

9 Paske *yon lè m te vivan* san *trangresyon* lwa a, men lè kòmandman *Kris* la te vini, peche te reviv epi m te mouri.

10 Epi lè *m pa t kwè* kòmandman *Kris* la ki te vini, ki te òdone

pou lavi, m wè *sa te kondane m* pou m mouri.

11 Paske peche te pwofite okazyon an, li te *nye* kòmandman an, *epi l te twonpe m*; epi konsa, *li te touye m*.

12 *Sepandan, m te dekouvri* lwa a te sen, epi kòmandman an te sen, li te jis, li te bon.

13 Èske se te bon bagay sa a ki te fè m mouri? Jamè. Men se te peche, pou l te kapab parèt kòm pou peche, pa mwayen kòmandman an, ki te kapab kondanab alekstrèm.

14 Paske nou konnen kòmandman an espiyityèl; men, *lè m te sou lalwa*, lè sa a m te chanèl, m te vann anba peche.

15 Men kounyeya, *m espiyityèl*; paske sa *yo kòmande m pou m fè, m fè l*; *m sa yo kòmande m pou m pa pèmèt, m pa pèmèt li*.

16 Paske sa m konnen ki *pa bon, m pa fè l, paske sa ki peche, m rayi l*.

17 Si m *pa fè sa m pa pèmèt*, m konsanti avèk lalwa a, kòm etan li bon; *epi Bondye pa kondane m*.

18 Konsa kounyeya, se pa mwen menm ki fè *peche ankò*; men, m ap *chèche domine* peche sa a ki nan mwen an.

19 Paske m konnen nan mwen menm, ki vle di nan kò fizik mwen, okenn bon bagay pa abite; paske volonte a prezan avèk mwen, *men*, akonpli sa ki bon, m pa jwenn sa, *eksepte nan Kris* la.

20 Paske bagay ki bon m ta fè lè *m sou lwa a, m pa wè l bon*; se poutèt sa, m pa fè l.

21 Men move bagay m pa t ap

fè sou lwa a, m wè l bon; konsa, m fè l.

22 Kounyeya, si m fè sa *pa mwayen asistans Kris la*, m pa t ap *fè sa sou lalwa a, m pa sou lalwa a; epi m p ap chèche fè mal ankò*, men pou m *domine* peche ki abite nan mwen.

23 M te remake, *lè m te sou lwa a, lè m te vle fè byen, mal te prezante devan m; paske m te pran plèzi nan lalwa Bondye daprè lòm ki andedan mwen an.*

24 *Epi kounyeya, m wè yon lòt lwa, kòmandman Kris la menm, epi l enprime nan panse m.*

25 *Men, manm yo ap fè lagè avèk lalwa ki nan panse m nan, epi l mennen m nan kaptivite anba lalwa peche ki nan manm mwen yo.*

26 *Epi si m pa domine peche ki nan mwen an, epi avèk kò fizik la m sèvi lwa peche a, m se yon nonm mizerab! kiyès ki pral delivre m anba kò lanmò sa a?*

27 M remèsye Bondye pa mwayen Jezikri Senyè nou an, *lè sa a, avèk panse m, m sèvi lwa Bondye a pou tèt pa m.*

TJS, Women 8:8. Konpare avèk Women 8:8

Moun ki suiv chemen kò fizik la, yo pa kapab fè Bondye plèzi.

8 Konsa, moun ki *suiv* kò fizik la yo pa kapab fè Bondye plèzi.

TJS, Women 8:29–30. Konpare avèk Women 8:29–30

Jezikri sanktifye moun ki jis yo an preparasyon pou sali yo.

29 Paske, *moun* Bondye te konnen depi davans kòm moun pa l la, li te predestine l tou pou l te

sanble ak *pwòp* imaj li, pou l te ka vin premyene pami anpil frè.

30 Epi ankò, *moun* li te predestine a, se li menm li te aple tou; epi *moun* li te aple a, li te *sanktifye l* tou; epi *moun* li te *sanktifye a*, li te glorifye l tou.

TJS, Women 13:6–7. Konpare avèk Women 13:6–7

Moun ki onore otorite sivil yo rann onè yo pou Bondye a pi gran ak pi pafè.

6 Paske, se poutèt sa nou peye yo *konsekrasyon nou yo* tou; paske yo se minis Bondye, k ap kontinyèlman okipe yo de bagay sa a.

7 *Men toudabò*, bay tout moun sa w dwe yo, *selon koutim nan*, peye taks kote pou peye taks, peye enpo kote pou peye enpo, *pou konsekrasyon w yo kapab fèt nan lakrent moun nou dwe krenn nan, epi nan onè moun nou dwe onore a.*

TJS, 1 Korentyen 7:1–2, 5, 26, 29–33, 38. Konpare avèk 1 Korentyen 7:1–2, 5, 26, 29–38

Pòl anseye ke maryaj se bagay dezirab. Men, moun ki aple kòm misyonè yo sèvi Bondye pi byen si yo rete selibatè pandan ministè yo a.

1 Kounyeya, konsènan bagay nou te ekri m yo, *ki te di konsa*, li bon pou yon gason pa touche yon fi.

2 Se sa ki fè, *m di ou konsa*, pou evite fònikasyon, chak òm dwe gen madanm pa li, epi chak fi dwe gen mari pa li.

5 Pa *separe* youn avèk lòt, eksepte si nou konsanti pou yon ti tan, pou nou kapab jene ak priye; epi retounen ansanm

ankò, pou Satan pa tante nou poutèt bezwen nou.

26 Se poutèt sa, m sipoze li ta bon pou sitiyasyon prezan sa a, pou yon òm rete pou l kapab fè pi gwo byen.

29 Men, m ap pale avèk nou ki aple nan ministè a. Pou bagay sa m di konsa, frè m yo, tan ki rete a kout anpil, pou yo voye ou nan ministè a. Menm moun ki gen madanm yo pral tankou yo pa t genyen; paske nou aple epi nou chwazi pou fè travay Senyè a.

30 Epi moun ki pral kriye yo, se kòm si yo pa kriye; epi moun ki rejwi yo, kòm si yo pa rejwi; epi moun ki achte yo, kòm si yo pa posede;

31 Epi moun k ap pwofite nan mond sa a, kòm si yo p ap pwofite l; paske bagay ki alamòd nan mond sa a pral pase.

32 Men, m ta vle, frè m yo, pou nou mayifye apèl nou. M ta vle nou san sousi. Paske yon moun ki pa marye, li gen sousi pou afè Senyè a, nan ki fason li kapab fè Senyè a plèzi; se poutèt sa, li gen viktwa.

33 Men, yon moun ki marye, li gen sousi pou bagay ki nan mond sa a, nan ki fason li kapab fè madanm li plèzi; se poutèt sa gen yon diferans, paske li limite.

38 Konsa, moun ki antre tèt li nan maryaj la fè byen; men moun ki pa antre tèt li nan maryaj la fè pi byen toujou.

TJS, 1 Korentyen 15:40.

Konpare avèk

1 Korentyen 15:40

Gen twa degre laglwa nan Rezirèksyon an.

40 Epi tou kò selès, ak kò terès, ak kò telès; men, laglwa selès la se youn; laglwa terès la se yon lòt, epi laglwa telès la se yon lòt.

TJS, 2 Korentyen 5:16.

Konpare avèk

2 Korentyen 5:16

Pòl konseye Sen yo pou yo pa viv dapre kò fizik la.

16 Se sa ki fè, depi kounyeya, pa viv dapre kò fizik la ankò; wi, malgre nou te konn viv dapre kò fizik la, depi nou vin konnen Kris la, depi lè sa a nou pa viv dapre kò fizik la ankò.

TJS, Galat 3:19–20. Konpare avèk Galat 3:19–20

Moyiz se medyatè premye alyans lan, oubyen lalwa a. Jezikri se medyatè nouvo alyans lan.

19 Se sa ki fè, lè sa a lwa a te ajoute poutèt transgresyon, jistan semans la te kapab vini pou moun ki te resevwa pwomès la nan lwa Moyiz la, ki te òdone anba men zanj kòm medyatè premye alyans la, (lwa a.)

20 Kounyeya, medyatè sa a pa t medyatè nouvo alyans lan; men gen yon medyatè pou premye alyans lan ki se Kris la, jan sa ekri nan lwa konsènan pwomès Abram ak desandan l yo te resevwa a. Kounyeya, Kris la se medyatè lavi; paske se pwomès sa Bondye te fè Abraram.

TJS, Efezyen 4:26. Konpare avèk Efezyen 4:26

Kòlè enjis se peche.

26 Èske nou kapab fache san fè peche? pa kite solèy la kouche sou kòlè nou;

TJS, Kolosyen 2:21–22.

Konpare avèk

Kolosyen 2:20–23

Kòmandman lèzòm yo gen dwa gen valè nan anseye bagay tankou disipline tèt nou, men yo pa ka onore Bondye ni sove lòm.

21 *Ki bagay selon doktrin ak kòmandman lèzòm yo ki anseye nou pou nou pa touche, ni goute, ni manyen; tout sa ki gen pou peri apre itilizasyon yo?*

22 Bagay ki parèt oubyen ki sanble yo gen pou wè avèk yon fòm adorasyon, ak imilite, men ki neglije kò a *daprè kò fizik la*, epi ki pa fèt nan okenn fason pou onore Bondye.

TJS, 1 Tesalonisyen 4:15.

Konpare avèk

1 Tesalonisyen 4:15

Moun ki jis yo ki vivan lè Senyè a ap vini an pa pral gen avantaj sou mò ki jis yo.

15 Paske nou di nou konsa, avèk pawòl Senyè a, *moun ki vivan yo lè Senyè a pral vini an, p ap anpeche moun k ap rete tann lè Senyè a pral vini an, k ap dòmi yo.*

TJS, 2 Tesalonisyen 2:2–3,

7–9. Konpare avèk

2 Tesalonisyen 2:2–9

Satan pral lakoz yon chit oswa apostazi anvan Senyè a retounen.

2 Pou nou pa kite panse nou souke, ni kite *yon lèt twouble nou, eksepte si nou resevwa l* nan men nou; ni nan lespri ni nan pawòl, pou fè konnen jou Kris la rive.

3 Pa kite okenn moun twonpe nou nan okenn fason; paske *pral* gen yon tonbe ki pral fèt anvan, epi nonm peche a pral revele, piti piti gason pèdisyon an;

7 Paske, mistè inikite a deja ap travay, *epi se limenm k ap travay kounyeya, epi Kris la kite l travay, jistan lè a akonpli pou yo mete l deyò.*

8 Epi lè sa a, *mechan an* pral revele, *mechan sa a* Senyè a pral konsonnen avèk lespri bouch li, epi li pral detwi l avèk ekla lè l pral vini an.

9 *Wi, Senyè a, Jezi menm ki p ap vini jistan gen yon tonbe ki fèt la, anba travay Satan avèk tout pouvw a, avèk siy epi avèk mèvèy manti yo,*

TJS, 1 Timote 2:4. Konpare avèk 1 Timote 2:4

Kris la se Sèl Pitit Gason Literal la ak Medyatè a.

4 *Ki vle pou tout moun sove, epi pou yo vin nan konesans verite a ki nan Jezikri a, ki se Sèl Pitit Gason Literal Bondye a, epi ki te òdone kòm medyatè ant Bondye ak lòm; ki se yon sèl Bondye a, epi ki gen pouvwa sou tout lèzòm.*

TJS, 1 Timote 3:15–16.

Konpare avèk

1 Timote 3:15–16

Legliz la fonde sou prensip santral ki di Jezi te vini nan mòtalite a, li te anseye levanjil la, epi li te retounen al jwenn Papa li. Nòt: Chanjman tou piti yo fè nan vèsè sa yo mete aksan sou lefèt ke “pilye ak fondasyon laverite a” se Jezikri.

15 Men, si m pran reta, pou w ka konn kijan pou w konpòte w nan kay Bondye a, ki se legliz Bondye vivan an.

16 Pilye ak fondasyon laverite a *se*, (epi san kontwovès, mistè pyete a gran) Bondye ki te manifeste l nan lachè a, jistifye nan

Lespri a, zanj yo te wè li, yo te preche Janti yo osijè li, yo te kwè li nan mond lan, li te anlve al nan laglwa.

TJS, 1 Timote 6:15–16.

Konpare avèk

1 Timote 6:15–16

Moun ki gen limyè imòtalite a (levanjil la) abite nan yo, yo kapab wè Jezi.

15 Bagay sa a li pral montre nan tan li yo, ki se sèl Potanta beni an, Wa tout wa yo, ak Senyè tout Senyè yo, *moun ki merite onè ak pouvwa etènèl la;*

16 Moun sa a pèsonn pa wè ni yo pa kapab wè, kote moun sa a pèsonn pa kapab apwoche a, sèl moun sa ki gen limyè ak esperans imòtalite abite nan li a.

TJS, Ebre 1:6–7. Konpare avèk

Ebre 1:6–7

Zanj yo se lespri ki nan ministè a.

6 Epi lè l te mete premye moun nan nan mond lan, li te di konsa, Se pou tout zanj Bondye yo adore l, epi l te fè ministè li a *tankou yon flanm dife.*

7 Epi l te di konsa, *zanj yo se lespri ki nan ministè a.*

TJS, Ebre 4:3. Konpare avèk

Ebre 4:3

Moun ki fè kè yo di yo, yo p ap sove; moun ki repanti yo ap antre nan repo Senyè a.

3 Paske nou menm ki kwè a, nou antre nan repo, jan l te di a, Jan m te sèman te nan kòlè mwèn, si yo fè kè yo di, yo p ap antre nan repo m nan; epi tou, m te sèman te, si yo pa fè kè di, y ap antre nan repo mwèn; separe, dan, travay Bondye yo te prepare,

(*oubyen fini,*) depi nan fondasyon mond lan.

TJS, Ebre 6:1–10. Konpare

avèk Ebre 6:1–10

Prensip yo ki nan doktrin Kris la mennen nan pèfeksyon.

1 Se poutèt sa *san* kite prensip doktrin Kris yo, an nou ale nan pèfeksyon; san plase fondasyon repantans ki soti nan travay mouri yo, ak lafwa nan Bondye.

2 Konsènan doktrin batèm nan, enpozisyondèmen, ak rezirèksyon mò yo, ak jijman etènèl.

3 Epi nou prale nan pèfeksyon si Bondye pèmèt nou.

4 Paske li te rann ni enposib pou moun ki te resevwa limyè yon fwa deja yo, epi ki te goute don selès la, ki te patisipe nan Sentespri a,

5 Epi ki te goute bon pawòl Bondye a, ak pouvwa mond ki gen pou vini an,

6 Si yo tonbe, pou yo *renouvele* epi ale nan repantans ankò; paske yo menm, yo krisifye Pitit Gason Bondye a ankò, epi yo ekspoze l anba lawont.

7 Paske gen yon *jou ki pral vini kote tè a ki bwè lapli ki tonbe sou li yo, epi ki pouse plant ki itil pou moun ki abite ladan l yo, ki kiltive l yo, ki resevwa benediksyon Bondye yo kounyeya, li pral pwòpte avèk dife.*

8 Paske, sa ki pwodui pikan ak epin nan, li rejte, epi li prèske modi; se poutèt sa moun ki pa pwodui bon fwi yo, yo pral jete yo nan dife; paske kondisyon final yo se pou boule yo nan dife.

9 Men, byeneme, nou konfyen

noumenm nou fè pi bon bagay, bagay ki anrapò ak sali, menmsi nou pale konsa.

10 Paske, Bondye pa enjis, *se poutèt sa li p ap bliye zèv nou ak efò nou pou renmen lòt yo, sa nou te fè nan non li, paske nou te sèvi sen yo, epi nou kontinye sèvi yo.*

TJS, Ebre 7:3. Konpare avèk Ebre 7:3

Mèlkisedèk sete yon prèt dapre lòd Pitit Gason Bondye a. Tout moun ki resevwa prèttriz sa a ka vin tankou Pitit Gason Bondye a.

3 Paske Mèlkisedèk sa a te òdone kòm prèt dapre lòd Pitit Gason Bondye a, lòd sa ki te san papa, san manman, san desandan, li pa t gen ni kòmansman nan jou li yo, ni finisman nan lavi li. *Epi tout moun ki òdone nan prèttriz sa a vin tounen tankou Pitit Gason Bondye a, yo rete kòm prèt kontinyèlman.*

TJS, Ebre 7:19–21. Konpare avèk Ebre 7:19–21

Lwa a te prepare moun yo pou Jezi, ki se “garanti yon testaman ki pi ekselan.”

19 Paske lwa a te administre san yon sèman epi li pa t rann anyen pafè, men sete sèlman entwodiksyon yon pi bon esperans; pou mennen nou pi pre Bondye.

20 Epi kòm gran prèt sa a pa t vin gran prèt san sèman, se sa k fè Jezi te vin tounen garanti yon alyans ki pi ekselan.

21 (Paske prèt sa yo te vin prèt san sèman; men sa a limenm te vin prèt avèk yon sèman nan men moun ki te di l, Senyè a jire epi li p ap anile l, Ou se yon prèt

pou tout tan dapre lòd Mèlkisedèk la;)

TJS, Ebre 7:25–26. Konpare avèk Ebre 7:26–27

Jezi ofri tèt Li kòm yon sakrifis san peche pou peche nou yo.

25 Paske yon kalite gran prèt konsa vin tounen nou menm, ki sen, inofansif, ki pa souye, ki separe avèk pechè yo, epi ki vin tabli kòm *dirijan sou tèt syèl yo;*

26 *Epi pa tankou gran prèt sa yo ki te ofri sakrifis chak jou yo, premyèman pou peche pa yo, epi apre pou peche pèp la; paske li li pa t bezwen ofri sakrifis pou peche pa l, paske li pa t konnen okenn peche; men pou peche pèp la. Epi li te fè sa yon sèl fwa, lè l te ofri tèt li a.*

TJS, Ebre 11:1. Konpare avèk Ebre 11:1

Lafwa se asirans bagay nou espere.

1 Kounyeya, lafwa se *asirans* bagay nou espere, evidans bagay nou pa wè.

TJS, Ebre 11:35. Konpare avèk Ebre 11:35

Fidèl ki matirize poutèt Kris yo ap jwenn Premye Rezirèksyon an.

35 Fi yo te resevwa moun yo genyen ki te mouri yo vivan ankò; epi kèk lòt moun te matirize, yo pa t aksepte delivrans, pou yo te kapab jwenn *premye* rezirèksyon an;

TJS, Jak 1:2. Konpare avèk Jak 1:2

Afliksyon, non pa tantasyon, ede pou sanktifè nou.

2 Frè m yo, konte kòm lajwa lè nou tonbe nan *anpil afliksyon*;

TJS, Jak 2:1. Konpare avèk

Jak 2:1

Manm yo pa dwe konsidere yon moun plis pase yon lòt.

1 Frè m yo, *nou pa kapab* gen lafwa Senyè a Jezikri nou an, laglwa Senyè a, *epi malgre sa* pou nou fè eksepsyon *nan pami* moun.

TJS, Jak 2:14–21. Konpare avèk Jak 2:14–22

Lafwa san zèv se yon lafwa ki mouri epi li pa ka sove moun.

14 Ki pwofi ki genyen, frè m yo, *pou* yon moun *k ap* di li gen lafwa, men ki pa fè zèv lafwa yo? Èske lafwa ka sove li?

15 Wi, yon moun ka di, *M pral montre w m gen lafwa san zèv lafwa yo; men, m ap di*, Montre m lafwa w san zèv yo, epi m ap montre w lafwa pa m atravè zèv mwen.

16 *Paske* si yon frè oubyen yon sè toutouni ak pòv, epi youn nan nou di, Ale anpè, chofo kò w epi plen vant ou; san *li* pa ba l sa ki nesèsè pou kò a; ki pwofi *lafwa w la pote pou moun sa a?*

17 Se konsa sa ye pou lafwa, si l pa *pwodui* bon zèv, li inital, paske l poukont li.

18 *Se poutèt sa*, èske w konnen, O lòm inital, ke lafwa san zèv se yon lafwa inital *epi li pa ka sove ou?*

19 Ou kwè gen yon sèl Bondye; ou fè byen; demon yo kwè sa tou, epi yo tranble; *ou fè menmjan avèk yo, epi w pa jistifye.*

20 Èske Abraram, papa nou, pa t jistifye pa zèv li, lè l te ofri Izarak, pitit gason l lan, sou lòtèl la?

21 Èske w wè kijan lafwa te ajì nan zèv li yo, epi gras ak zèv yo *lafwa* l te vin pafè?

TJS, 1 Pyè 3:20. Konpare avèk

1 Pyè 3:20

Kèk nan lespri ki nan prizon yo te enjis nan epòk Noye a.

20 *Kèk nan pami* yo te dezobeyisan *nan epòk Noye a*, lè pasyans Bondye te pwolonje pandan Noye t ap prepare bato a, kote kèk sèlman, ywit nanm moun te sove anba dlo a.

TJS, 1 Pyè 4:6. Konpare avèk

1 Pyè 4:6

Levanjil la preche pou moun ki mouri yo.

6 *Se poutèt sa*, levanjil la preche pou moun *ki te* mouri yo, pou yo kapab jije dapre lèzòm nan kò fizik la, men pou yo viv *nan lespri* dapre *volonte* Bondye.

TJS, 1 Pyè 4:8. Konpare avèk

1 Pyè 4:8

Charite anpeche nou fè peche.

8 Epi plis pase tout lòt bagay, dwe genyen anpil charite nan pami nou; paske charite *anpeche* yon pakèt kantite peche.

TJS, 2 Pyè 3:3–13. Konpare

avèk 2 Pyè 3:3–13

Nan dènye jou yo, anpil moun pral nye Senyè Jezikri. Lè l vini, anpil kalamite natirèl pral rive. Si nou andire nan lajistis, n ap resewa yon nouvo tè.

3 Konnen anvan tou, *ke nan dènye jou yo* pral gen moun ki

mokè, ki pral mache selon pwòp konvwatiz yo.

4 *Y ap nye Senyè a, Jezikri, epi y ap di, Kote pwomès ki di l ap vini an? Paske, depi zansèt yo mouri, tout bagay dwe kontinye jan yo ye a, epi yo te kontinye jan yo ye a depi nan kòmansman kreasyon an.*

5 Poutèt sa yo volontèman inyore ke, nan *ansyen tan* yo, syèl yo, ak tè a ki te soti nan dlo a epi ki fòmè apati dlo a, *yo te kreye pa pawòl Bondye;*

6 *Epi pa pawòl Bondye a, mond lan ki te kreye lè sa a, te peri, inonde anba dlo;*

7 Men syèl yo, ak tè a ki egziste kounyea, rezève *pa menm pawòl la*, prezève pou dife pou jou jijman ak pèdisyon moun ki san Bondye yo.

8 Men, *konsènan vini Senyè a, byeneme, mwen pa ta renmen nou inyore grenn bagay sa a, ke yon jou pou Senyè a se tankou mil ane, epi mil ane se tankou yon jou.*

9 Senyè a pa pran reta pou kenbe pwomès li *ak vini l lan, jan kèk moun panse a; men, se pasyans l ap pran avèk nou, paske li pa ta renmen okenn moun peri, men li ta renmen pou nou tout repanti.*

10 Men jou Senyè a ap vini sou nou tankou yon vòlè nan mitan lannuit, jou sa a syèl yo pral *sekwe, epi tè a pral tranble tou, epi mòn yo pral fonn, epi disparèt nan yon gwo bri, epi eleman yo pral ranpli avèk yon gwo chalè; tè a pral ranpli tou, epi move zèv ki ladan l yo pral boule nèt.*

11 *Puisse tout bagay sa yo pral*

detwi, ki kalite moun nou dwe ye nan konpòtman sentete avèk pyete,

12 *K ap tann epi prepare pou jou Senyè a ap vini an, kote bagay kriptib syèl yo pral pran dife, pral detwi, epi mòn yo pral fonn anba gwo dife a?*

13 *Men, si nou pèsevere, nou va sove selon pwomès li. Epi nou pral wè yon nouvo syèl, ak yon nouvo tè kote lajistis pral abite.*

TJS, 1 Jan 2:1. Konpare avèk

1 Jan 2:1

Kris la se avoka nou devan Papa a si nou repanti.

1 Timoun piti m yo, m ekri nou bagay sa yo pou nou pa peche, *men si nenpòt moun fè peche epi l repanti, nou genyen yon avoka bò kote Papa a, Jezikri, ki jis la;*

TJS, 1 Jan 3:9. Konpare avèk

1 Jan 3:9

Nenpòt moun ki fèt nan Bondye, li pa kontinye nan peche.

9 Nenpòt moun ki fèt nan Bondye, li pa kontinye nan peche; paske *Lespri Bondye rete nan li; epi li pa kapab kontinye nan peche, paske li fèt nan Bondye, paske li resevwa Lespri pwomiz la.*

TJS, 1 Jan 4:12. Konpare avèk

1 Jan 4:12

Se sèlman moun ki kwè nan Bondye ki kapab wè Li.

12 Pèsonn pa janm wè Bondye nan okenn tan, *eksepte moun ki kwè.* Si nou renmen youn lòt, Bondye abite nan nou, epi amou li pafè nan nou.

TJS, Apokalips 1:1-8.

Konpare avèk
Apokalips 1:1-8

Apot Jan resevwa pwofesi yo ki nan liv Apokalips la. Jezikri vizite li epi yon zanj vizite li.

1 Revelasyon Jan, *sèvitè Bondye a te resevwa* nan men Jezikri, pou montre sèvitè l yo bagay ki dwe reyalize byento, revelasyon li te voye zanj li yo verifye pou bay Jan, sèvitè li a.

2 Ki *te rann* temwayaj konsènan pawòl Bondye a, epi konsènan temwayaj Jezikri a, ak tout bagay li te wè.

3 Moun *ki li*, ak moun ki tandè *epi ki konprann* pawòl pwofesi yo, ki kenbe bagay ki ekri ladan yo, beni, paske lè pou *Senyè a vini an ap pwoche*.

4 *Kounyeya, se te temwayaj* Jan *te bay sèt sèvitè ki sou tèt sèt legliz an Azi* yo. Gras avèk nou, ak lapè ki soti kote moun *ki egziste a, ki te egziste epi ki gen pou vini an; ki te voye zanj li yo soti bò kote twòn li a, pou temwaye bay moun yo ki se sèt sèvitè sou tèt sèt legliz* yo.

5 *Se poutèt sa, mwen menm, Jan, temwen fidèl la, mwen rann temwayaj konsènan sa zanj lan te di m yo*, epi ki sòti nan Jezikri, premye moun ki leve anba lanmò a, ki se *Prens wa latè* yo.

6 *Epi glwa* pou limenm ki renmen nou an; *ki lave nou sòti anba peche nan pwòp san li*, epi ki fè nou vin wa ak prèt Bondye, Papa li. Se pou li gen lagwa ak puisans, pou tout tan e ajamè. Amèn.

7 *Paske, gade, l ap vini nan nyaj yo avèk di mil sen l yo nan*

wayòm ni an, abiye avèk glwa Papa li. Epi tout moun pral wè li; epi moun ki te pèse l yo, ak tout pèp ki sou tè a pral kriye lè ya wè li. Se konsa sa pral pase, Amèn.

8 *Paske li di, Mwen se Alfa ak Omega, kòmansman an ak finisman an, Senyè a, ki egziste, epi ki te egziste, epi ki gen pou vini an, Toupuisan an.*

TJS, Apokalips 2:22. Konpare avèk Apokalips 2:22

Y ap chase mechan yo nan lanfè.

22 Reyèlman, m pral chase l nan *lanfè*, ak moun ki komèt adiltè avèk li yo nan gran tribilasyon, si yo pa repanti nan aksyon yo.

TJS, Apokalips 2:26-27.

Konpare avèk
Apokalips 2:26-27

Moun ki venk mond lan pa obeyisans nan kòmandman Kris yo va gouvène wayòm nan mond k ap vini an ak lafwa, egalego, epi avèk jistis.

26 Epi *moun* ki venk lemond yo, epi ki kenbe kòmandman m yo jiskalafen yo, m ap ba yo pouvwva sou *anpil wayòm*;

27 Epi li va gouvène yo avèk *pawòl Bondye a; epi yo va nan men li* tankou veso *ajil nan men* yon potye; *epi li va gouvène yo pa lafwa, egalego epi avèk jistis*, menmjan m te resevwa sa nan men Papa m nan.

TJS, Apokalips 5:6. Konpare avèk Apokalips 5:6

Bondye voye Douz sèvitè li sou tout tè a.

6 Epi reyèlman, nan mitan twòn nan ak kat bèt yo, epi nan mitan ansyen yo, yon Ti monton

te kanpe kòm si yo te touye l, li te gen douz kòn ak douz je, ki se douz sèvitè Bondye yo, li te voye sou tout tè a.

TJS, Apokalips 12:1-17.

Konpare avèk

Apokalips 12:1-17

Jan eksplike senbòl fi a, timoun nan, ba fè a, dragon an, ak Michèl. Lagè ki te kòmmanse nan syèl la ap kontinye sou tè a. Gade chanjman ki fèt nan lòd vèsè yo nan TJS la.

1 Epi te gen yon gran *siy* ki te parèt nan syèl la, *nan resanblans bagay ki sou tè a*; yon fi ki te abiye avèk solèy la, ak lalin nan anba pye l, epi sou tèt li te gen yon kouwòn ki gen douz zetwal.

2 Epi *fi a* ki te ansent, t ap rele, li t ap akouche, epi l te gen doulè pou l akouche.

3 Epi *li te fè yon ti gason, ki ta pral dirije sou tout nasyon yo avèk yon baton fè; epi pitit li a te monte kote Bondye ak twòn Bondye a.*

4 Epi yon lòt *siy* te parèt nan syèl la; Epi reyèlman te gen yon gwo dragon wouj, ki te gen sèt tèt ak dis kòn, ak sèt kouwòn sou tèt li yo. Epi ke l te trennen yon tyè nan zetwal yo ki nan syèl la, epi l te voye yo sou tè a. Epi dragon an te kanpe devan fi ki t ap akouche a, li te *pare* pou l devore timoun nan lè l te fin fèt.

5 Epi fi a te kouri al nan dezè a, kote Bondye *te* prepare yon plas pou li, pou yo te kapab nourri l nan plas sa a, pandan mil desan swasant *ane*.

6 Epi te gen lagè nan syèl la; Michèl ak zanj li yo te goumen kont dragon an; epi dragon an

ak zanj li yo *te goumen kont Michèl*;

7 Epi *dragon an* pa t gen *viktwa sou Michèl*; *ni sou timoun nan, ni sou fi a ki se legliz Bondye a, ki te delivre anba doulè l yo, epi ki te akouche wayòm Bondye nou an ak Kris li a.*

8 Ni tou *pa t* gen plas nan syèl la *pou* gwo dragon an, yo te chase l; ansyen sèpan sa ki te rele dyab la, epi ki *te rele* Satan an, ki twonpe tout mond lan; yo te chase l voye sou tè a; epi yo te chase zanj li yo avèk li.

9 Epi m te tandè yon vwa fò ki t ap di nan syèl la, Kounyeya, sali a vini, ak fòs, ak wayòm Bondye nou an, ak pouvwa Kris li a;

10 Paske yo chase akizatè frè nou yo desann, limenm ki te akize yo devan Bondye nou an lajounen ak nan nuit la.

11 Paske yo *te gen viktwa* sou li pa mwayen san Ti Mouton an, epi avèk pawòl temwayaj yo; *paske* yo pa t renmen pwòp lavi pa yo, *men, yo te kenbe temwayaj la jiska lamò*. Se poutèt sa, o, syèl yo rejwi, epi nou menm ki rete ladan yo.

12 Epi *apre bagay sa yo, m te tandè yon lòt vwa ki t ap di konsa*, malè moun yo ki abite sou tè a, *wi, ak moun yo ki rete sou zile yo ki sou lanmè a! paske dyab la desann kote nou, li gen anpil kòlè, paske li konnen tan l kout*.

13 Paske lè dragon an wè yo te chase l vin sou tè a, li te pèsèkite fi ki t ap pote pitit gason an.

14 *Se poutèt sa, yo te bay fi a de zèl yon gran èg, pou l te kapab kouri al nan dezè a, nan plas li a,*

kote li t ap nourri pou yon tan an, ak plizyè tan, ak yon demi tan lwen figi sèpan an.

15 Epi sèpan an te voye dlo tankou yon delij soti nan bouch li dèyè fi a, pou l te kapab fè delij la pote l ale.

16 Epi tè a *ede* fi a, epi tè a *louvri* bouch li, epi l *vale* delij dragon an *voye* soti nan bouch li a.

17 *Se poutèt sa*, dragon an te fache kont fi a, epi l t ale pou l fè lagè kont rès desandan li yo, ki te kenbe kòmandman Bondye yo, epi ki te gen temwayaj Jezi-kri a.

TJS, Apokalips 19:15, 21.

Konpare avèk

Apokalips 19:15, 21

Bondye itilize pawòl Kris la pou frape nasyon yo.

15 Epi pawòl Bondye yo *soti nan bouch li*, epi avèk li, l ap frape nasyon yo, epi li *pral* gouvène yo avèk *pawòl ki soti nan bouch li*; epi li pyetine près diven an *nan* seryozite ak kòlè Bondye Toupisan an.

21 Epi rès la te detwi avèk *pawòl* moun ki te chita sou cheval la, *pawòl* ki te soti nan bouch li a; epi tout volay yo te ranpli ak vyann kò l.


KAT JEYOGRAFIK BIB LA

Kat jeyografik sa yo kapab ede nou pou pi byen konprann ekriti yo. Lè nou konnen jeyografi peyi ki mansyone nan ekriti yo, nou kapab pi byen konprann evènman ekriti yo.

Rezime ak Kle

Pwen ki souliye nan kat jeyografik anba a endike konsantrasyon chak kat jeyografik ni-mewote annapre yo. Kat sa yo kouvri gwo rejyon osibyen ke kèk zòn jeyografik limite.

- | | |
|--|---|
| <ol style="list-style-type: none"> 1. Kat Jeyografik Fizik Tè Sen an 2. Egzòd Izrayèl soti an Ejipt ak Antre nan Kanaran 3. Divizyon 12 Tribi yo 4. Wayòm David ak Salomon 5. Wayòm Asiryen an 6. Nouvo Anpi Babilonyen an ak Wayòm Ejipt la 7. Anpi Pès la | <ol style="list-style-type: none"> 8. Anpi Women an 9. Mond Ansyen Testaman an 10. Kanaran nan Epòk Ansyen Testaman an 11. Tè Sen an nan Epòk Nouvo Testaman an 12. Jerizalèm nan Epòk Jezikri a 13. Vwayaj Misyonè Apot Pòl 14. Varyasyon Altitud Tè Sen an |
|--|---|




Paragraf apre a se yon kle pou konprann diferan senbòl yo ak kalite ekriti ki itilize nan kat jeyografik yo. Adisyonèlman, kat jeyografik endividyèl yo kapab gen kle avèk eksplikasyon senbòl adisyonèl ki gen rapò avèk kat jeyografik sa a an patikilye.

- | | |
|--|--|
| <ul style="list-style-type: none"> ● Yon pwen wouj reprezante yon vil. ▲ Yon ti triyang nwa reprezante yon mòn. <p><i>Lanmè Mòt</i> Fòm ekriti sa a itilize pou pwen jeyografik tankou osean yo, lanmè yo, lak yo, rivyè yo, mòn yo, dezè yo, vale yo, ak zile yo.</p> | <p>Jerizalèm Fòm ekriti sa a itilize pou vil ak vilaj (epi pou lokalite detaye yo sou kat jeyografik vil Jerizalèm nan).</p> <p>MOAB Fòm ekriti sa a itilize pou divizyon politik ki pi piti, tankou rejyon yo, moun yo, ak tribi yo.</p> <p>JIDE Fòm ekriti sa a itilize pou divizyon politik ki pi gran, tankou anpi yo ak nasyon yo.</p> |
|--|--|

1. Kat Jeyografik Fizik Tè Sen an



2. Egzòd Izrayèl soti an Ejipt ak Antre nan Kanaran



1. Ramsès Farawon te chase Izrayèl deyò an Ejipt (Egz. 12; Nonb 33:5).
2. Soukòf Apre Ebre yo te fin kite premye kan sa a, Senyè a te vizite yo nan yon nyaj lajounen epi nan yon kolòn dife nan nuit (Egz. 13:20–22).
3. Piyaiwòt Izrayèl te pase travese lanmè Wouj la (Egz. 14; Nonb 33:8).
4. Mara Senyè a te geri dlo Marah yo (Egz. 15:23–26).
5. Elim Izrayèl te kanpe bò kote 12 sous dlo yo (Egz. 15:27).
6. Dezè Sin Senyè a te voye lamàn ak toutrèl pou nourì Izrayèl pèp (Egz. 16).
7. Refidim Izrayèl te goumen avèk Amalèk (Egz. 17:8–16).
8. Mòn Sinayi (mòn Orèb oubyen Jebèl Mousa) Senyè a te revele Dis Kòmandman yo (Egz. 19–20).
9. Dezè Sinayi Izrayèl te bati tabènak la (Egz. 25–30).
10. Kan dezè yo Swasanndis ansyen te resewa apèl pou ede Moyiz gouvènè pèp la (Nonb 11:16–17).
11. Etsjon-gebè Izrayèl te travese peyi Ezayu ak Amon nan lapè (Det. 2).
12. Kadès-baneya Moyiz te voye espion nan tè pwomiz la; Izrayèl te fè rebèl epi l pat antre nan peyi a; Kadès te sèvi kòm kan prensipal Izrayèl pandan anpil ane (Nonb 13:1–3, 17–33; 14; 32:8; Det. 2:14).
13. Dezè Lès Izrayèl te evite konfli avèk Edòm ak Moab (Nonb 20:14–21; 22–24).
14. Rivyè Anon Izrayèl te detwi Amorit yo ki te goumen kont yo (Det. 2:24–37).
15. Mòn Nebo Moyiz te wè tè pwomiz la (Det. 34:1–4). Moyiz te fè twa dènye diskou l yo (Det. 1–32).
16. Plèn Moab Senyè a te di Izrayèl pou l divize peyi a epi pou l pataje abitan yo (Nonb 33:50–56).
17. Rivyè Jouden Izrayèl te travese rivyè Jouden an sou tè sèch. Pre Gilgal, yo te mete wòch ki soti anba fon rivyè Jouden an kòm yon moniman pou lè dlo Jouden yo te divize a (Joz. 3:1–5:1).
18. Jeriko Pitit Izrayèl yo te kaptire epi yo te detwi vil la (Joz. 6).


3. Divizyon 12 Tribi yo




4. Wayòm David ak Salomon




5. Wayòm Asiryen an



6. Nouvo Anpi Babilonyen an ak Wayòm Ejjip la



7. Anpi Pès la



8. Anpi Women an



1. **Môn Arara** Plas tradisyonèl kote lach Noye a te ateri a (Jen. 8:4). Moun pa konnen tablistman ekzart la.
2. **Our** Premye rezidans Abraram, tou pre bouch rivyè Efrat la, kote li te manke tounen viktim sakrifis imen, li te wanj Jewova a, epi li te resewva Ourim ak Tournim nan (Jen. 11:28–12:1; Abr. 1:3:1). (Note you plas alternatif posib pou Our nan nò Mezopotami.)
3. **Babilòn, Babel (Chinae)** Premye moun ki te tabli l sete Kuch, piti gason Kam, epi Nimrod. Zòn orijin Jaredit yo nan epòk fòtrès Babel la nan laplèn Chinae yo. Pita, kapital pwovensyal Babiloni ak rezidans wa Babilonyen yo, ansanm avèk wa Nebikadnezà ki te mennen anpil Juif an kaptivite nan vil sa a apre destriksiyon Jerizalèm (587 ANVAN JEZIKRI). Juif yo te rete kaptif nan Babilòn pou 70 ane jouk nan epòk wa Siris la, ki te pèmett Juif yo retounen nan Jerizalèm pou yo bati tanp la. Danyèl, pwofèt la te abite nan kote sa a tou sou gouvènman Nebikadnezà, Belchaza, ak Daryiis 1 (Jen. 10:10; 11:1–9; 2 Wa 24–25; Jer. 27:1–29:10; Ezek. 1:1; Dan. 1–12; Omni 1:22; Etè 1:33–43).
4. **Chouchan (Siz)** Vil kapital wayòm Pes la sou gouvènman Daryiis 1 (Daryiis Legran). Sèrsès, (Ara-syeros), ak A tagzèzès. Rezidans rên Estè, kouraj li ak latwa li te sove Juif yo. Danyèl epi pita, Neeni te sèvi nan kote sa a (Ney. 1:1; 2:1; Estè 1:1; Dan. 8:2).
5. **Laplèn Douira** Yo te jete Chadrak, Mechak, ak Abèd-Nego nan founo dife devoran an lè yo te refize adore you imaj annò Nebikadnezà te kreye; Piti gason Bondye a te prezève yo, epi yo te soti nan founo a san domaj (Dan. 3).
6. **Asiri** Asou sete premye kapital Asiri, apre sete Niniv. Dirijan Asiryen yo, Chalmanazè V ak Sardanapal II te konkieri wayòm Nò Izrayèl la epi yo te mennen dis tribi yo ale nan kaptivite an 721 ANVAN JEZIKRI (2 Wa 14–15; 17–19). Asiri sete you menas pou Jida jouk nan 612 ANVAN JEZIKRI, lè Babilòn te konkieri Asiri a.
7. **Niniv** Kapital Asiri a. Asiri te atake peyi Jida a pandan rejim Ezekyas la ak pandan ministè pwofèt Ezayi a. Jerizalèm, kapital vil Jida a te sove miraklèzman lè you zanj te frape 185.000 sòlda Asiryen yo (2 Wa 19:32–37). Senyè a te di pwofèt Jonas pou te mande vil sa a pou l te repanti (Jonas 1:2; 3:1–4).
8. **Aran** Abraram te tabli nan kote sa a pou you tan anvan li ale nan Kanaran. Papa Abraram ak frè l la te rete nan kote sa a. Rebeka, (madannm Izarak), ak Rachèl, Leya, Bila, ak Zilpa, (madannm Jakòb yo) te moun zòn sa a (Jen. 11:31–32; 24:10; 29:4–6; Abr. 2:4–5).
9. **Kakemich** Farawon Neko te pran defèt nan kote sa a anba men Nebikadnezà, ki te mete you fren nan pouwva pèp Ejiptyen yousou pèp Kanaran yo (2 Kwo. 35:20–36:6).
10. **Sidon** Se Sidon you gran piti gason Kam ki te fonde vil sa a, epi se vil Kananeyit ki plis nan pati nò a (Jen. 10:15–20). Se te kay Jezabel, ki te entwodui adorasyon Baal an Izrayèl (1 Wa 16:30–33).
11. **Tir** Se te you vil enpòtan ak you pò pou bato nan Siri. Iram, ki moun nan Tir te voye bwa gayak ak lò ak travayè pou ede Salomon nan konstriksiyon tanp li a (1 Wa 5:1–10, 18; 9:11).
12. **Damas** Abraram te sove Lot tou pre kote sa a. Se te vil prensipal Siri. Pandan gouvènman wa
- David la, Izrayelit yo te konkieri vil la. Eli te bay Hazaèl onksyon kòm wa sou Damas (Jen. 14:14–15; 2 Sam. 8:5–6; 1 Wa 19:15).
13. **Kanaran** Senyè a te bay Abraram, Izarak, Jakòb ak desandan l yo tè sa a kòm you posesyon etènèl (Jen. 17:8; 28).
14. **Môn Sinayi (Orèb)** Senyè a te pale avèk Moyiz nan you boukan dife (Egz. 3:1–2). Moyiz te resewva Lalwa a ak dis Komandanm yo (Egz. 19–20). Senyè a te pale avèk Eli avèk you ti vwa dous (1 Wa 19:8–12).
15. **Etsjon-gèbè** Wa Salomon te bati you “marin plen bato” nan Etsjon-gèbè (1 Wa 9:26). Li posib se te nan waf sa a rên Cheba, apre l te fande popilarite wa Salomon, li te rakwoche bato l pou vin wè l (1 Wa 10:1–13).
16. **Ejip** Abraram te vwayaje nan kote sa a akoz you gwo famin nan Our (Abr. 2:1, 21). Senyè a te di Abraram pou l anseye Ejiptyen yo sa l te revele l (Abr. 3:15). Apre frè Jozèf yo te fin vann li kòm esklav (Jen. 37:28). Jozèf te vin tounen you dirijan nan kay Potifa nan kote sa a. Yo te jete l nan prizon. Li te entèprete rèv Potifa a epi l te resewva you pòs plas otorite an Ejipt. Jozèf ak frè l yo te vin ansanm. Jakòb ak fanmi l te bwote vin nan kote sa a (Jen. 39–46). Piti Izrayèl yo te abite nan Gochèn pandan setou yo an Ejipt la (Jen. 47:6). Izrayelit yo te mulptiye epi yo te “vin ekstrèmman pwisan,” apre sa Ejiptyen yo te mete yo nan esklavaj (Egz. 1:7–14). Apre you seri plè Farawon te kite Izrayèl soti an Ejipt (Egz. 12:31–41). Yo te mennen Jeremi an Ejipt (Jer. 43:4–7).
17. **Kaftò (Krèt)** Ansyen peyi Minoan yo.

10. Kanaran nan Epòk Ansyen Testaman an




1. **Dan (Layis)** Jewobowam te tabli yon vodò pou wayòm Nò a adore (1 Wa 12:26–33). Dan te fwontyè nò ansyen Izrayèl la.
2. **Mòn Kamèl** Eli te bay pwofèt Baal yo defi epi l te louvri syèl la pou lapli tonbe (1 Wa 18:17–46).
3. **Megido** Yon kote anpil batay te fèt (Jij 4:13–16; 5:19; 2 Wa 23:29; 2 Kwo. 35:20–23). Salomon te etabli yon enpo pou bati Megido (1 Wa 9:15). Wa Jozyas ak Jida te blese mòtèlman nan batay kont Farawon Neko an Ejipt (2 Wa 23:29–30). Nan Dezyèm Aparisyon Senyè a, yon dènye gwo konfli pral fèt nan vale Jizreyèl la ki pral yon pati nan batay Amagedon an (Jowèl 3:14; Apok. 16:16; 19:11–21). Non *Amagedon* an se fòm Grèk pou *Har Megidon* an Ebre, oubyen Mòn Megido.
4. **Jizreyèl** Non yon vill nan vale ki pi gran epi ki pi pwodiktif an Izrayèl ki gen menm non an. Wa yo ki te nan wayòm nan nò a te bati yon palè nan kote sa a (2 Sam. 2:8–9; 1 Wa 21:1–2). Rèn mechan ki te rele Jezabèl la te abite epi l te mouri nan kote sa a (1 Wa 21; 2 Wa 9:30).
5. **Bèth-Shan** Izrayèl te fè fas kare avèn Kanaaneyit yo nan kote sa a (Joz. 17:12–16). Yo te mare kò Sayil sou miray fòtrès sa a (1 Sam. 31:10–13).
6. **Dotan** Frè Jozèf yo te vann li nan esklavaj (Jen. 37:17, 28; 45:4). Elize te fè yon vizyon mòn nan ki te chaje avèk cheval ak kabwouèt yo (2 Wa 6:12–17).
7. **Samari** Kapital wayòm ki nan Nò a (1 Wa 16:24–29). Wa Akab te bati yon tanp pou Baal (1 Wa 16:32–33). Elize ak Eli te anseye (1 Wa 18:2; 2 Wa 6:19–20). An 721 ANVAN JEZIKRI Asiryen yo te konkeri l, epi sa te konplete kaptivite dis tribi yo (2 Wa 18:9–10).
8. **Sichèm** Abraram te bati yon lotèl (Jen. 12:6–7). Jakòb te abite tou pre kote sa a. Simeyon ak Levi te masakre tout gason nan vil sa a (Jen. 34:25). Ankourajman Jozye te bay pou “chwazi . . . jodi a” pou sèvi Bondye te vin nan Sichèm (Joz. 24:15). Se nan kote sa a Jewobowam te tabli premye kapital wayòm Nò a (1 Wa 12).
9. **Mòn Ebal ak mòn Garizim** Jozye te divize Izrayèl sou de mòn sa yo—benediksyon lalwa yo te pwoklame sou mòn Garizim, alòske malediksyon yo te soti sou mòn Ebal (Joz. 8:33). Pita, Samariten yo te bati yon tanp sou Garizim (2 Wa 17:32–33).
10. **Penwèl (Penyè)** Se nan kote sa a Jakòb te lite tout nan nuit avèk yon mesajè Senyè a (Jen. 32:24–32). Jedeon te detwi yon fòtrès Madyanit (Jij 8:5, 8–9).
11. **Jopa** Jonas te fè vwal soti nan kote sa a pou direksyon Tasis pou evite misyon l nan Niniv (Jonas 1:1–3).
12. **Chilo** Pandan epòk Jij yo, kapital ak tabènak Izrayèl la te bati nan kote sa a (1 Sam. 4:3–4).
13. **Betèl (Lous)** Se nan kote sa a Abraram te separe avèk Lot (Jen. 13:1–11) epi l te fè yon vizyon (Jen. 13; Abr. 2:19–20). Jakòb te fè vizyon yon nechèl ki te rive nan syèl la (Jen. 28:10–22). Tabènak la te nan kote sa a pandan yon epòk (Jij 20:26–28). Jewobowam te tabli yon bèf annò pou Wayòm Nò a adore (1 Wa 12:26–33).
14. **Gibeon** Pèp Evyen nan kote sa a te twonpe Jozye nan yon kontra (Joz. 9). Solèy la te rete anplas pandan Jozye t ap genyen yon batay (Joz. 10:2–13). Se te plas tanporè tabènak la tou (1 Kwo. 16:39).
15. **Gaza, Asdòd, Askalon, Ekron, Gath (senk vil Filisten yo)** Nan vil sa yo Filisten yo te fè lagè souvan avèk Izrayèl.
16. **Bètleyèm** Rachèl te antere tou pre kote sa a (Jen. 35:19). Rit ak Boaz te abite nan kote sa a (Rit 1:1–2; 2:1, 4). Yo te rele l vil David la (Lik 2:4).
17. **Ebwon** Abraram (Jen. 13:18), Izarak, Jakòb (Jen. 35:27), David (2 Sam. 2:1–4), ak Absalom (2 Sam. 15:10) te abite nan kote sa a. Sete premye kapital Jida sou wa David (2 Sam. 2:11). Daprè sa moun kwè, Abraram, Sara, Izarak, Rebeka, Jakòb, ak Leya te antere nan kote sa a nan kavò Makpela a (Jen. 23:17–20; 49:31, 33).
18. **An-gedi** David te kache pou Sayil epi l te epaye lavi Sayil (1 Sam. 23:29–24:22).
19. **Gera** Abraram ak Izarak te abite nan kote sa a pandan yon epòk (Jen. 20–22; 26).
20. **Bècheba** Abraram te fouye yon pwi nan kote sa a epi l te fè alyans avèk Abimelèk (Jen. 21:31). Izarak te wè Senyè a (Jen. 26:17, 23–24), epi Jakòb te abite nan kote sa (Jen. 35:10; 46:1).
21. **Sodòm ak Gomò** Lot te chwazi pou l abite nan Sodòm (Jen. 13:11–12; 14:12). Bondye te detwi Sodòm ak Gomò poutèt mechanste (Jen. 19:24–26). Pita, Jezi te itilize vil sa yo kòm senbòl mechanste (Mat. 10:15).

11. Tè Sen an nan Epòk Nouvo Testaman an




1. **Tir ak Sidon** Jezi te konpare Korazen ak Betsayida avèk Tir ak Sidon (Mat. 11:20–22). Li te beni pitit fi yon fi ki se yon Janti (Mat. 15:21–28).
2. **Mòn Transfigirasyon** Jezi te transfigire devan Pyè, Jak, ak Jan, epi yo te resevwa kle wayòm yo (Mat. 17:1–13). (Kèk moun kwè mòn Transfigirasyon an se mòn Èmon an; lòt moun kwè se mòn Tabò.)
3. **Sezare Filipi** Pyè te deklare Jezi se Kris la, epi Sovè a te pwomèt li kle wayòm nan (Mat. 16:13–20). Jezi te anonse pwòp lamò Li ak rezirèksyon Li (Mat. 16:21–28).
4. **Rejyon Galile a** Jezi te pase majorite lavi motèl li ak ministè l nan Galile (Mat. 4:23–25). Se nan kote sa Li te bay Diskou sou Mòn nan (Mat. 5–7); Li te geri yon lepre (Mat. 8:1–4); epi L te chwazi, òdone, epi voye Douz Apot yo, epi sanble nan pami yo tout, sete sèl Jida Iskariyòt ki pa t Galileyan (Mak 3:13–19). Nan Galile, Kris resisite a te parèt devan Apot yo (Mat. 28:16–20).
5. **Lanmè Galile, pita yo te rele l lanmè Tiberiyas** Jezi te anseye nan bato Pyè a (Lik 5:1–3) epi l te apse Pyè, Andre, Jak, ak Jan pou yo vin pechè lèzòm (Mat. 4:18–22; Lik 5:1–11). Li te kalme tanpèt la tou (Lik 8:22–25), li te anseye parabol yo nan yon bato (Mat. 13), li te mache sou lanmè a (Mat. 14:22–32), epi Li te parèt devan disip Li yo apre rezirèksyon L lan (Jan 21).
6. **Betsayida** Pyè, Andre, ak Filip te fèt nan Betsayida (Jan 1:44). Jezi t ale an prive avèk Apot li yo tou pre Betsayida. Militid moun yo te suiv Li epi Li te nourri 5.000 moun yo (Lik 9:10–17; Jan 6:1–14). Nan kote sa a, Jezi te geri yon nonm avèg (Mak 8:22–26).
7. **Kapènanwòm** Sete lakay Pyè (Mat. 8:5, 14). Nan Kapènanwòm, vil Matye te di sete “pwòp vil” Jezi a, Jezi te beni yon nonm paralize (Mat. 9:1–7; Mak 2:1–12), Li te geri sevitàe yon santiryon, Li te geri manman madanm Pyè (Mat. 8:5–15), Li te rele Matye pou vin youn nan Apot Li yo (Mat. 9:9), Li te ouvri je avèg, li te chase yon dyab (Mat. 9:27–33), Li te geri men sèch yon nonm nan jou Saba a (Mat. 12:9–13), Li te fè diskou pen lavi a (Jan 6:22–65), epi L te aksepté pou peye taks, Li te di Pyè pou L pran lajan an nan bouch yon pwason (Mat. 17:24–27).
8. **Magdala** Sete lakay Mari Madlèn (Mak 16:9). Jezi te vini nan kote sa a apre l te fin nourri 4.000 moun yo (Mat. 15:32–39), Epi Farizyen yo ak Sadiseyen yo te mande pou L montre yo yon siy ki soti nan syèl la (Mat. 16:1–4).
9. **Kana** Jezi te fè dlo tounen diven (Jan 2:1–11) epi l te geri pitit gason yon grannèg ki te nan Kapènanwòm (Jan 4:46–54). Kana sete kay Natanayèl tou (Jan 21:2).
10. **Nazarèt** Vizit anjèlik Mari ak Jozèf la te fèt nan Nazarèt (Mat. 1:18–25; Lik 1:26–38; 2:4–5). Lè l te retounen soti an Ejipt, Jezi te pase anfans Li ak jenès Li nan kote sa a (Mat. 2:19–23; Lik 2:51–52), Li te anonse Li se Mesi a, epi pèp pa Li a te rejte L (Lik 4:14–32).
11. **Jeriko** Jezi te fè yon nonm avèg wè (Lik 18:35–43). Li te dine avèk Zache tou, “chèf ki nan pami pibliken yo” (Lik 19:1–10).
12. **Betabara** Janbatis te temwaye li se “vwa moun ki t ap kriye nan dezè a” (Jan 1:19–28). Jan te batize Jezi nan rivyè Jouden an epi l te temwaye Jezikri se Ti Mouton Bondye a (Jan 1:28–34).
13. **Dezè Jideya** Janbatis te preche nan dezè sa a (Mat. 3:1–4), kote Jezi te jene 40 jou epi kote dyab la te tante l (Mat. 4:1–11).
14. **Emayis** Kris resisite a te mache sou wout Emayis la avèk de nan disip Li yo (Lik 24:13–32).
15. **Bètfafe** De nan disip yo te pote yon jèn bourik bay Jezi, sou li, Li te kòmanse antre triyonfal Li a nan Jerizalèm (Mat. 21:1–11).
16. **Betani** Sete lakay Mari, Mat, ak Laza (Jan 11:1). Mari te tande pawòl Jezi yo, epi Jezi te pale avèk Mat konsènan chwazi “bon pati” a (Lik 10:38–42); Jezi te leve Laza nan pami mò yo (Jan 11:1–44); epi Mari te wen pye Jezi (Mat. 26:6–13; Jan 12:1–8).
17. **Bètleyèm** Jezi te fèt epi yo te mete l kouche nan yon pak bèt (Lik 2:1–7); zanj te anonse bèje yo nesans Jezi (Lik 2:8–20); yon zetwal te dirije dèzòm saj kote Jezi (Mat. 2:1–12); epi Èwòd te touye timoun yo (Mat. 2:16–18).

12. Jerizalèm nan Epòk Jezikri a




1. **Gòlgota** Li posib pou sete plas krisifiksyon Jezi a (Mat. 27:33–37).
2. **Tonm nan Jaden an** Yon lye posib pou tonm kote yo te mete kò Jezi a (Jan 19:38–42). Kris la ki te resisit a te parèt devan Mari Madlèn nan jaden an deyò tonm nan (Jan 20:1–17).
3. **Fòtrès Antonya a** Li posib se nan kote sa yo te akize, kondane, moke, epi filange Jezi (Jan 18:28–19:16). Yo te arete Pòl epi l te rakonte istwa konvèsyon l la (Tra. 21:31–22:21).
4. **Pisin Bètesda a** Jezi te geri yon moun paralyze pandan Saba a (Jan 5:2–9).
5. **Tanp Gabriyel** te pwomèt Zakari Elizabèt pral ansent yon pitit gason (Lik 1:5–25). Vwal tanp lan te dechire lè lamò Sovè a (Mat. 27:51).
6. **Galri Salomon** Jezi te pwoklame Li se Pitit Gason Bondye a. Juif yo te eseye lapide Li ak wòch (Jan 10:22–39). Pyè te preche repantans apre l te geri yon nonm bwate (Tra. 3:11–26).
7. **Pötay Bèl** Pyè ak Jan te geri yon nonm bwate (Tra. 3:1–10).
8. **Pwent tèt Tanp lan** Satan te tante Jezi (Mat. 4:5–7). (Yon kote posib pou evènman sa a.)
9. **Mòn Sen** (kote a pa presize)
 - a. Tradisyon fè konnen Abraram te bati yon lotèl pou sakrifis Izzarak nan kote sa a (Jen. 22:9–14).
 - b. Salomon te bati tanp la (1 Wa 6:1–10; 2 Kwo. 3:1).
 - c. Babilonyen yo te detwi tanp la nan anviwon 587 ANVAN JEZIKRI (2 Wa 25:8–9).
 - d. Zowobabèl te rebati tanp la nan anviwon 515 ANVAN JEZIKRI (Esd. 3:8–10; 5:2; 6:14–16).
 - e. Ewòd te agrandi anviwònman tanp la epi l te rebati tanp la kòmanse an 17 ANVAN JEZIKRI. Jezi te prezante kòm yon ti bebe (Lik 2:22–39).
 - f. Nan laj 12 zan, Jezi te anseye nan tanp la (Lik 2:41–50).
 - g. Jezi te netwaye tanp la (Mat. 21:12–16; Jan 2:13–17).
 - h. Jezi te anseye nan tanp la nan plizyè okazyon (Mat. 21:23–23:39; Jan 7:14–8:59).
 - i. Sou Tit, Women yo te detwi tanp la nan 70 APRE JEZIKRI.
10. **Jaden Jetsemane** Jezi te soufri, yo te trayi l, epi yo te arete l (Mat. 26:36–46; Lik 22:39–54).
11. **Mòn Olivye a**
 - a. Jezi te anonse destriksyon Jerizalèm ak tanp la. Li te pale konsènan Dezyèm Vini an tou (Mat. 24:3–25:46; gade tou nan M—JS).
 - b. Nan kote sa a, Jezi te monte nan syèl (Tra. 1:9–12).
 - c. 24 Oktòb 1841, Èldè Orson Hyde te dedye Tè Sen an pou retou pitit Abraram yo.
12. **Sous Giyon** an Salomon te resevwa onksyon kòm wa (1 Wa 1:38–39). Ezekyas te fè fouye yon tinèl pou rale dlo soti nan sous la al nan vil la (2 Kwo. 32:30).
13. **Pötay Dlo** Esdras te li epi l te entèprete lwa Moyiz la pou pèp la (Ney. 8:1–8).
14. **Vale Inòm** Moun te adore fodye ki rele Molèk la, yo te fè sakrifis timoun tou (2 Wa 23:10; 2 Kwo. 28:3).
15. **Lakay Kayif** Yo te mennen Jezi devan Kayif (Mat. 26:57–68). Pyè te nye ke li te konnen Jezi (Mat. 26:69–75).
16. **Chanmòt** Lye tradisyonèl kote Jezi te manje Pak la epi l te entwodui Sentsèn nan (Mat. 26:20–30). Li te lave pye Apot yo (Jan 13:4–17) epi l te anseye yo (Jan 13:18–17:26).
17. **Palè Ewòd** Yo te mennen Kris la devan Ewòd, byen posib nan kote sa a (Lik 23:7–11).
18. **Jerizalèm** (kote a pa presize)
 - a. Mèlkisedèk te dirije kòm wa Salèm (Jen. 14:18).
 - b. Wa David te kaptire vil la nan men Jebi-zyen yo (2 Sam. 5:7; 1 Kwo. 11:4–7).
 - c. Babilonyen yo te detwi vil la nan anviwon 587 ANVAN JEZIKRI (2 Wa 25:1–11).
 - d. Sentespri te ranpli anpil moun nan jou Pannkòt la (Tra. 2:1–4).
 - e. Yo te arete Pyè ak Jan epi yo te pote yo devan konsèy la (Tra. 4:1–23).
 - f. Ananyas ak Safira te bay Senyè a manti epi yo te mouri (Tra. 5:1–10).
 - g. Yo te arete Pyè ak Jan, men, yon zanj te delivre yo nan prizon (Tra. 5:17–20).
 - h. Apot yo te chwazi sèt òm pou asiste yo (Tra. 6:1–6).
 - i. Juif yo te rejte temwayaj Etyèn nan, epi yo te lapide l avèk wòch jouktan l te mouri (Tra. 6:8–7:60).
 - j. Yo te matirize Jak jistan l mouri (Tra. 12:1–2).
 - k. Yon zanj te libere Pyè nan prizon (Tra. 12:5–11).
 - l. Apot yo te pran desizyon yo sou zafè sikonvizyon an (Tra. 15:5–29).
 - m. Women yo, sou Tit te detwi vil la nan 70 APRE JEZIKRI.

13. Vwayaj Misyonè Apot Pòl



- sa a nan twazyèm misyon li a, Pòl te leve Eutyehus sot anba lanmò (Tra. 20:6–12).
20. **Filipi** Pòl, Silas, ak Timote te konvèti yon fi ki te rele Lydya, li te chaje yon move lespri, epi moun te bat yo (Tra. 16:11–23). Yo te resewva èd divèn pou yo chape nan prizon (Tra. 16:23–26).
21. **Aten** Pandan Pòl te nan dezyèm misyon pou l al Aten nan li, te preche sou kolin Mas la (Arepagus) konsènan "Bondye enkon" an (Tra. 17:22–34).
22. **Korent** Pòl t ale an Korent nan dezyèm misyon li a, kote li te rete avèk Akila ak Prisiyila. Li te preche nan kote sa a epi li te batize anpil moun (Tra. 18:1–18). Etan an Korent, Pòl te ekri epi li a pou Women yo.
23. **Tesaloni** Pòl te preche nan kote sa a pandan dezyèm vwayaj misyonè li a. Gwoup misyonè li a te pati pou al nan Bere apre Juif yo te menase sekirite yo (Tra. 17:1–10).
24. **Bere** Pòl, Silas, ak Timote te jwenn moun ki gen serye pou yo te anseye pandan dezyèm vwayaj misyonè Pòl la. Juif nan Tesaloni yo te sviv epi yo te pèsèkite yo (Tra. 17:10–13).
25. **Masedwan** Pòl te anseye nan kote sa a nan dezyèm ak twazyèm vwayaj li a (Tra. 16:9–40; 19:21). Pòl te louve jennozite Sen Masedwan yo, ki te mouri l ak Sen ki te pòv nan Jerizalem yo (Wòm. 15:26; 2 Kor. 8:1–5; 11:9).
26. **Malt** Bato Pòl te kraze sou zile sa a pandan l ta pral nan Wòm (Tra. 26:32; 27:1, 41–44). Li te chape anba modè yon sèpan epi l te geri anpil moun ki te malad nan Malt (Tra. 28:1–9).
27. **Wòm** Pòl te preche nan kote sa a pandan dezan sou siveyans andedan lakay li (Tra. 28:16–31). Li te ekri epiit oubyen let tou, pou Efezyen yo, Filipyen yo, ak Kolosyen yo, epi pou Timote ak Filemon pandan l te nan prizon nan Wòm. Pyè te ekri premye epiit li nan "Babilon," ki te posiblemann Wòm, byento apre Newon te fin pèsèkite Kreytyen yo nan 64 A PRE JEZIKRI. Jene-raliman, moun kwè Pyè ak Pòl te mouri matirize nan kote sa a.
- epi l te konsidere kòm mò, men, li te reviv epi l te konvèti preche (Tra. 14:6–21). Lakay Timote (Tra. 16:1–3).
13. **Ikonyòm** Nan premye misyon yo a, Pòl ak Banabas te preche nan kote sa a epi moun te menase yo avèk kout wòch (Tra. 13:51–14:7).
14. **Lawodize ak Kolos** Lawodize se youn nan branch Legliz la Pòl te vizite yo epi l te resewva let nan men yo (Kol. 4:16). Se youn nan sèt vil yo tou ki site nan liv Apokalips la (lòt yo se Efez, Esmin, Pegam, Iyati, Sadis, ak Filadelfi; gade nan Apok. 1:11). Kolos tabli nan 18 kilomèt kote lès Lawodize. Pòl te ekri Sen yo ki abite nan kote sa a.
15. **Antyòch (nan Pisidi)** Nan premye misyon yo a, Pòl ak Banabas te anseye Juif yo pou yo konnen Kris la te soti nan desandans David. Pòl te ofri Izrayèl levanjil la, apre sa, Jan ti yo. Moun yo te pèsèkite epi yo te chase Pòl ak Banabas (Tra. 13:14–50).
16. **Milè** Pandan l te nan kote sa a nan twazyèm misyon li a, Pòl te avèti ansyen yo ki nan Legliz la pou yo konnen "lou mechan" ta pral antrè nan twoupo a (Tra. 20:29–31).
17. **Patmòs** Jan te prizonyen sou zile sa a lè li te resewva vizyon yo ki nan liv Apokalips la kounyeya (Apok. 1:9).
18. **Efez** Apolon te preche nan kote sa a avèk pouwva (Tra. 18:24–28). Nan twazyèm misyon li a, Pòl te anseye nan Efez pandan dezan, li te konvèti anpil moun (Tra. 19:10, 18). Nan kote sa a, li te konfere don Sentes-pri a pa mwaj enpozisyon men (Tra. 19:1–7) epi l te akompli anpil mirak, pami mirak sa yo, li te chaje mò-vèzèpri (Tra. 19:8–21). Nan vil sa a adoratè Dyana yo te leve kabouya kont Pòl (Tra. 19:22–41). Youn pati nan liv Apokalips la te adresse a Legliz nan Efez la (Apok. 1:11).
19. **Twoas** Pandan Pòl te nan kote sa a nan dezyèm vwayaj misyonè li a, li te fe vizyon yon nonn nan Masedwan ki t ap mande èd (Tra. 16:9–12). Pandan l te nan kote
1. **Gaza** Filip te preche konsènan Kris la epi l te batize yon enik Etyopyen pandan li te sou chemen pou l al nan Gaza a (Tra. 8:26–39).
2. **Jerizalem** Gade nan kat jeyografik 12 pou evènman nan Jerizalem.
3. **Jopa** Pyè te resewva yon vizyon kote Bondye te akòde janti yo don la repantans (Tra. 10: 11:5–18). Pyè te leve Tabita anba lanmò (Tra. 9:36–42).
4. **Samari** Filip te administrè nan Samari (Tra. 8:5–13). Epi Pyè ak Jan te anseye nan kote sa a pita (Tra. 8:14–25). Apre yo te fin konfere don Sentes-pri, Simon, sòsye a, te vle achte don sa a nan men yo (Tra. 8:9–24).
5. **Sezare** Nan kote sa a, apre youn zanj te fin ministè pou youn santiryon ki te rele Kònye, Pyè te akseptè l batize (Tra. 10). Nan kote sa a, Pòl te defann tèt li devan Agripa (Tra. 25–26; gade tout nan I-JS 1:24–25).
6. **Damas** Jezi te parèt devan Sayil (Tra. 9:1–7). Apre Ananyas te restore je Sayil, Sayil te batize epi l te kòmanse ministè l (Tra. 9:10–27).
7. **Antyòch (an Sir)** Se nan kote sa a disip yo te pote non Kreytyen pou premye fwa (Tra. 11:26). Agabous te pwofetize famin (Tra. 11:27–28). Gwo divizyon te leve nan Antyòch konsènan sikonsizyon (Tra. 14:26–28; 15:1–9). Nan Antyòch, Pòl te kòmanse dezyèm misyon l nan avèk Silas, Banabas, Ak Jida Banabas (Tra. 15:22, 30, 35).
8. **Tas Vil natal Pòl**; Frè yo te voye Pòl nan kote sa a pou pwoteje lavil l (Tra. 9:29–30).
9. **Chip** Apre moun te fin pèsèkite yo, Sen yo te kouri al nan zile sa a (Tra. 11:19). Pòl te travèse Chip nan premye vwayaj misyonè li a (Tra. 13:4–5), jan Banabas te fe a ak Mak tou pita (Tra. 15:39).
10. **Patòs** Pòl te modè yon sòsye nan kote sa a (Tra. 13:6–11).
11. **Dèb** Pòl ak Banabas te preche levanjil la nan vil sa a (Tra. 14:6–7, 20–21).
12. **Lis Lè Pòl** te geri youn paralize, moun yo te pwoklame li ak Banabas kòm bondye. Yo te lapide Pòl avèk wòch

14. Varyasyon Altitud Tè Sen an



Endèks Kat Jeyografik Bib la

Endèks kat jeyografik yo kapab ede nou jwenn yon kote patikilye sou kat jeyografik yo. Chak antre gen nimewo kat jeyografik la ki gen yon referans kowòdone konpoze pa yon konbinezon lèt ak chif. Pa egzanp, antre pou Raba (Amman) sou premye kat jeyografik la parèt kòm 1:D5—ki vle di, kat jeyografik 1, kazyè D5. Pou nou jwenn kazyè presi sou chak kat jeyografik la, nou dwe refere nou nan kowòdone ki anwo sou kote kat jeyografik sa a. Non altènatif lokal yo plase ant parantèz; pa egzanp, Raba (Amman). Yon pwèn entewogasyon ki plase apre yon non endike tablisman yo montre nou sou kat jeyografik la posib oubyen pwobab, men li poko sèten.

Abana, rivyè, 1:D1	Aral, lanmè, 5:D1, 6:D1, 7:C2	Betèl (Lous), 3:B5, 4:C4, 10:B5, 11:B6
Abilèn, rejyon, 11:D1	Aram-Damas, rejyon, 4:D1	Bètesda, pisin, nan Jerizalèm, 12:C3
Acad (Akad), rejyon, 9:G2	Aran (Padan-aram), 9:E2	Bètfafe, 11:B6
Achkelon (Askalon), 1:A6, 3:A6, 4:A4, 10:A6, 11:A6	Arara, mòn, 9:F1	Bèth-Shan, 3:C3, 4:C3, 10:C4
Adria, Lanmè (Adriatik), 8:B2	Arimate, 11:B5	Bètleyèm, 1:B6, 3:B6, 4:B4, 10:B6, 11:B6
Agaba, gòlf, 2:D4	Asdòd (Azòt), 1:A6, 3:A5, 4:B4, 10:A6	Bètleyèm, wout pou ale, 12:A7
Agòb, rejyon, 4:C1	Asè, tribi, 3:B2	Betsayida, 11:C3
Aijalon, 1:B5, 10:B5, 11:B5	Asiri, 9:F2	Bezeta, 12:B3
Akad (Acad), rejyon, 9:G2	Asiryen, wayòm, 5:C3	Bitini, rejyon, 13:F1
Akayi, pwovens Women, 8:C2, 13:D2	Askalon, 11:A6	Bozra, 4:C6
Ako, (Tolemayis), 1:B3, 3:B2, 4:B2, 10:B2, 11:B3	Asou, 5:C2, 9:F2	Britania, rejyon, 8:A1
Aleksandri, 8:C3, 13:F4	Atèn, 6:A2, 7:A2, 8:C2, 13:D2	Chammòt, nan Jerizalèm, 12:B6
Amalèk, rejyon, 4:A6	Ayi, 2:D1, 10:B5	Charon, laplèn, 1:B4, 10:B4, 11:B5
Amman (Raba), 1:D5, 10:D5, 14:D2	Azi, pwovens Women, 8:C2, 13:F1	Chefela, 1:B6, 10:B6, 14:B2
Amon, rejyon, 1:D6, 3:D5, 4:D3, 10:D6	Azò, 3:C2, 4:C2, 10:C2	Chilo, 3:B5, 4:C3, 10:C5
Andò, 10:C3	Azòt, 11:A6	China (Babèl), 9:G3
An-gedi, 4:C4, 10:C7	Babèl (China), 9:G3	Chip, (Kitim), zile, 8:C3, 9:C3, 13:G3
Antonya, fòtrès, nan Jerizalèm, 12:C3	Babilòn, 5:C3, 6:C3, 7:B3, 9:F3	Chou, dezè, 2:C2
Antyòch, nan Pisidi, 13:F2	Babiloni, rejyon, 9:F3	Chouchan (Siz), 6:C3, 7:B3, 9:G3
Antyòch, nan Siri, 8:C3, 13:H2	Babilonyen, wayòm, nouvo, 6:B3	Damas, 1:D1, 9:D3, 10:D1, 11:D1, 13:H3
Anon, 2:D1	Bazan, rejyon, 1:D2, 10:C2	Dan (Layis), 1:C2, 3:C1, 4:C1, 10:C2
Anon, rivyè, 1:C7, 3:C6, 4:C5, 10:C7, 11:C7	Bècheba, 1:B7, 2:C1, 3:B7, 4:B5, 9:D4, 10:B7, 11:A8	Dan, tribi, 3:C1, 3:A5
Appious, fowòm, 13:B1	Benjamen, tribi, 3:B5	Dasya, rejyon, 8:C2
Arab, dezè, 9:F3	Bere, 13:D1	Dèb, 13:G2
Araba (Krevas ant Vale), 1:C8, 2:D2, 4:C6, 10:C8	Besò, rivyè, 1:A7, 10:A7, 11:A8	Dekapòl, rejyon, 11:D4
Arabi, 5:C4, 8:D4	Betabara, 11:C6	Dezè lès, 2:D2
Arad, 2:D1, 3:B5, 4:B5	Betani, 11:B6	
	Betani, wout pou ale, 12:D6	

- Dibon, 2:D1
Dlo Meròm (Lak Oule),
10:C2
Dofka, 2:C4
Dotan, 10:B4
Doura, laplèn, 9:F3
Dò, 3:B3, 4:B2
- Ebal, mò, 1:B4, 3:B4, 4:C3,
10:B4, 11:B5, 14:B6
Ebwon, 1:B6, 2:D1, 3:B6,
4:B4, 10:B7, 11:B7
Ebwon, wout pou ale,
12:A7
Èchbon, 4:C4
Edòm, rejyon, 1:C8, 2:D2,
4:C7, 10:D8
Efèz, 8:C2, 13:E2
Efrat, rivyè, 5:B3, 6:B3,
8:D3, 9:E2
Efrayim, tribi, 3:B5
Ejip, rejyon, 2:A2, 5:B4,
7:A4, 8:C4, 9:C4, 13:F4
Ejip, rivyè, 2:C2
Ejip, wayòm, 6:A3
Ekron, 1:B6, 10:A6
Ela, 1:B6, 10:A6, 11:A6
Elam, rejyon, 5:C3, 6:C3,
7:C3, 9:H3
Elim, 2:C3
Eliopolis (On), 2:A3
Emayis, 11:B6
Emayis, wout pou ale,
12:A4
Èmon, mò, 1:D1, 3:C1,
4:C1, 10:C1, 11:C1, 14:D5
Endòs, rivyè, 7:D3
Enon, 11:C4
Esdralon (Jizreyèl), vale,
1:B3, 10:B3
Esmin, 13:E2
Espat, 6:A2, 7:A2
Etam, dezè, 2:B3
Etsjon-gebè, 2:D3, 4:B8,
9:D4
Evyen yo, pèp, 3:C1
- Ewòd, palè la, nan
Jerizalèm, 12:B5
Ezekyas, tinèl la, nan
Jerizalèm, 12:C6
- Fapa, rivyè, 1:D1, 10:D1,
11:D2
Fenisi, rejyon, 1:C1, 4:B1,
9:D3, 10:B1, 11:B2, 13:H3
Filadèlfi, 11:D6
Filipi, 13:D1
Filisi, laplèn, 1:A6, 10:A6
Filisi, rejyon, 4:B4
Filisten, pèp, 2:C2
Frij, rejyon, 13:F2
- Gad, tribi, 3:C5
Gadara, 11:C4
Galasi, rejyon, 13:G1
Galile, ki pi ba a, rejyon,
1:C3
Galile, ki pi wo a, rejyon,
1:C2
Galile, lanmè (Kinerèt),
1:C3, 3:C2, 4:C2, 9:D3,
10:C3, 11:C3, 14:B7
Galile, rejyon, 11:C3
Galri wa la, nan Jerizalèm,
12:C5
Garizim, mò, 1:B5, 3:B4,
4:C3, 10:B5, 11:B5, 14:B6
Gath, 3:A6, 4:B4, 10:A6
Gath-hepther, 10:B3
Gaza, 1:A6, 2:C1, 3:A6,
4:A4, 10:A7, 11:A7, 13:H4
Gera, 10:A7
Gera, rivyè, 1:A7, 10:A7,
11:A7
Gèshò, rejyon, 4:C2
Gezè, 4:B4
Gibea, 4:C4
Gibeon, 10:B5
Gilaad, rejyon, 1:C4, 10:C4
Gilboa, mò, 1:C4, 3:C3,
10:C4, 11:C4, 14:C6
Gilgal, 1:C5, 2:D1, 4:C4
Gol, rejyon, 8:A1
- Gòlgota, nan Jerizalèm,
12:B3
Gomò, zòn Sodòm ak,
10:C8
Gozan, rejyon, 2:A2, 9:C4
Grès, 7:A2
- Hasmonean, palè, nan
Jerizalèm, 12:C5
- Idime, rejyon, 1:B8, 10:B8,
11:B7
Ikonyòm, 13:G2
Inòm, vale, nan Jerizalèm,
12:B7
Isaka, tribi, 3:C3
Ispaña, rejyon, 8:A2
Itali, pwovens Women,
8:B2, 13:A1
Itit yo, pèp, 9:D2
Izrayèl, pisin dlo, nan
Jerizalèm, 12:C4
Izrayèl, rejyon, 4:B3
- Jabès-galaad, 3:C4
Jabòk, rivyè, 1:C5, 3:D4,
4:D3, 10:C5, 11:C5
Jèmani, rejyon, 8:B1
Jeriko, 1:C5, 2:D1, 3:C5,
4:C4, 10:C6, 11:C6, 14:A7,
14:C3
Jeriko, wout pou ale, 12:D6
Jerizalèm (Salèm), 1:B6,
2:D1, 3:B5, 4:C4, 5:B3,
6:B3, 7:A3, 8:C3, 9:D3,
10:B6, 11:B6, 13:H3,
14:B2, 14:B6
Jerizalèm, vil ki pi ba a,
12:C6
Jerizalèm, vil ki pi wo a,
12:B6
Jetsemane, jaden, nan
Jerizalèm, 12:D4
Jida, rejyon, 5:B3, 10:B7
Jida, tribi, 3:A6
Jideya, dezè, 1:B7, 11:B7
Jideya, peyi kolin, 14:B2
Jideya, rejyon, 1:B6, 11:B7

- Jizreyèl, 4:C2, 10:B4
 Jizreyèl (Esdralon), vale,
 1:B3, 10:B3
 Jopa, 1:A5, 3:A5, 4:B3,
 10:A5, 11:A5, 13:H3
 Jopa, wout pou ale, 12:A4
 Jouden, rivyè, 1:C5, 2:D1,
 3:C5, 4:C3, 10:C5, 11:C5
 Kadès-baneya, 2:C2, 3:A8,
 4:A6
 Kaftò, (Krèt), zile, 9:A3
 Kakemich, 5:B2, 6:B2, 9:D2
 Kamèl, mòn, 1:B3, 3:A3,
 4:B2, 10:B3, 11:B3
 Kan dezè yo, 2:C4
 Kana, 11:C3
 Kanaran, rejyon, 2:C1, 9:D3
 Kapadosi, rejyon, 13:H2
 Kapènawòm, 11:C3
 Kataj, 8:B3
 Kayif, lakay, nan Jerizalèm,
 12:B6
 Kinerèt, lanmè (Galile),
 1:C3, 3:C2, 4:C2, 9:D3,
 10:C3, 11:C3
 Kir-aresèt, 10:C7
 Kishon, rivyè, 1:B3, 10:B3,
 11:B3
 Kitim (Chip), zile, 9:C3
 Kiyòs, zile, 13:E2
 Kokasous, mòn, 5:C1, 8:D2,
 9:F1
 Korazen, 11:C3
 Korent, 13:D2
 Krèt (Kaftò), zile, 8:C3,
 9:A3, 13:E3
 Lakis, 1:B6, 3:B6, 4:B4,
 10:B7
 Lawodise, 13:F2
 Layis (Dan), 10:C2
 Lanmè (Gran, Mèditerane)
 ki pi wo, 7:A3, 9:B3
 Lanmè Kaspyèn, 5:C1, 6:C2,
 7:B2, 8:D2, 9:G1
 Lanmè ki pi ba a (Lanmè
 Lès la, Gòlf Pès la), 5:C4,
 6:C4, 7:B4, 8:D4, 9:H3
 Lanmè (Mèditerane, ki
 pi wo a) Gran, 1:A4,
 2:B1, 3:A3, 4:A3, 5:A3,
 6:A3, 9:B3, 10:A4, 11:A5,
 14:A2, 14:A6
 Lanmè Mòt (Lanmè Sale),
 1:C7, 2:D1, 3:C6, 4:C4,
 9:D4, 10:C6, 11:C7, 14:A7,
 14:C3
 Lanmè Mòt, anba, 14:C3
 Lanmè Mòt, anwo, 14:A7,
 14:C3
 Lanmè Mòt, wout pou ale,
 12:C8
 Lanmè Nwa, 5:B1, 6:B1,
 7:B2, 8:C2, 9:C1, 13:F1
 Lanmè (Pi ba) Lès la, 5:C4,
 6:C4
 Lanmè Sale (Lanmè Mòt),
 1:C7, 2:D1, 3:C6, 4:C4,
 9:D4
 Lanmè Wouj, 2:D4, 5:B4,
 6:B4, 7:B4, 8:C4, 9:D4
 Liban, mòn yo, 1:C1, 10:C1,
 11:C1
 Libi, 8:B3, 13:C4
 Libi, dezè, 9:B4
 Lis, 13:G2
 Lisi, rejyon, 13:F2
 Litani, rivyè, 1:C1, 10:C1,
 11:C2
 Loud, rejyon, 13:E2
 Lous (Betèl), 10:B5
 Madyan, rejyon, 2:D4, 9:E4
 Magdala, 11:C3
 Mahanaim, 10:C5
 Makawous, 11:C7
 Malt (Melita), zile, 13:B3
 Malt, zile, 13:B3
 Manase, tribi, 3:B4, 3:D2
 Mara, 2:B3
 Mare Internum (Gran,
 Mèditerane, Lanmè ki pi
 wo a), 8:B3
 Masedwan, rejyon, 7:A2,
 8:C2, 13:D1
 Medeba, 4:C4
 Mèditerane (Gran, Ki pi
 wo a), lanmè, 1:A4, 2:B1,
 3:A3, 4:A3, 5:A3, 6:A3,
 7:A3, 8:B3, 9:B3, 10:A4,
 11:A5, 13:D3, 14:A2,
 14:A6
 Mèditerane, lanmè, anwo,
 14:A2, 14:A6
 Medyan, wayòm, 6:D3
 Megido, 1:B3, 3:B3, 4:B2,
 6:B3, 9:D3, 10:B3
 Menfis (Nòf), 2:A3, 5:B4,
 6:B3, 7:A3, 8:C3
 Mezopotami, 8:D3, 9:E2
 Milè, 13:E2
 Mira, 13:F2
 Miseni, 5:A2
 Mizi, rejyon, 13:E1
 Moab, laplèn, 1:C6, 11:C6
 Moab, rejyon, 1:D7, 2:D1,
 3:D7, 4:C5, 10:D7
 More, kolin, 1:C3, 10:C3
 Morija, mòn, 14:B6
 Nabate, rejyon, 11:C8
 Nayen, 11:C4
 Nazarèt, 1:C3, 11:B3
 Nebo, mòn, 1:C6, 2:D1,
 3:C6, 4:C4, 10:C6, 11:C6
 Neftali, tribi, 3:C2
 Negèv, rejyon, 1:B8, 10:B8
 Nil, delta, 2:A2, 9:C4
 Nil, rivyè, 2:A4, 5:B4, 6:B4,
 7:A4, 8:C4, 9:C4
 Niniv, 5:C2, 9:F2
 Nòf (Menfis), 2:A3
 Oliv yo, Mòn, 1:B6, 10:B6,
 11:B6, 12:D5, 14:B6
 On (Eliopolis), 2:A3, 9:C4
 Or, mòn, 2:D2
 Orèb (Mòn Sinayi), 2:C4,
 9:D4
 Oule (Dlo Mewòm yo), lak,
 10:C2, 14:C6

- Oule, vale, 1:C2, 11:C2
 Our, 5:C3, 9:E2, 9:G3
 Ouratou, rejyon, 9:E1
 Oryen yo, pèp, 9:E2
- Padan-aram (Aran), 9:E2
 Pafòs, 13:G3
 Panfili, rejyon, 13:F2
 Paran, dezè, 2:C3
 Parthian, wayòm, 8:D3
 Patmòs, zile, 13:E2
 Pègamòm, 13:E2
 Pèj, 13:F2
 Penwèl, 10:C4
 Pere, 11:C5
 Pès, 5:D4, 6:D4
 Pèsik, gòlf (Lanmè ki pi ba a), 9:H3
 Pisidi, rejyon, 13:F2
 Pisin fòtrès la yo, nan Jerizalèm, 12:B5
 Pisin, sèpan, nan Jerizalèm, 12:A6
 Pitòm, 2:B2
 Piyaiwòt, 2:B3
 Pons, rejyon, 13:G1
 Pouzòl, 13:B1
 Pò Bon, abò oubyen plaj, 13:E3
 Pòt dlo, nan Jerizalèm, 12:C7
 Pòtay Bèl, 12:C4
 Pòtay mouton, nan Jerizalèm, 12:C4
 Pòtay Pwason, nan Jerizalèm, 12:B3
 Pòtay, Siz, nan Jerizalèm, 12:D4
- Raba (Amman), 1:D5, 3:D5, 10:D5, 14:D2
 Ramòt-galaad, 3:D3, 4:C2
 Ramsès (Tanis), 2:B2
 Refidim, 2:C4
 Rejiyo, 13:B2
- Riben, tribi, 3:C6
- Salamin, 13:G3
 Salèm (Jerizalèm), 9:D3
 Salim, 11:C4
 Salomon, galri, nan Jerizalèm, 12:D4
 Samari, 1:B4, 5:B3, 10:B4, 11:B5, 13:H3
 Samari, rejyon, 1:B4, 10:B4, 11:B4
 Samari, wout pou ale, 12:B1
 Samasya, rejyon, 8:C1
 Samotras, zile, 13:E1
 Sarepta, 11:B1
 Sedwon, vale, nan Jerizalèm, 12:D6
 Sezare, 11:B4, 13:H3
 Sezare Filipi, 11:C2
 Sichèm, 3:B4, 4:C3, 10:B4
 Sidon, 1:C1, 9:D3, 10:B1, 11:B1, 13:H3
 Sika, 11:B5
 Siloye, pisin, nan Jerizalèm, 12:C7
 Simeyon, tribi, 3:A7
 Sin, dezè, 2:C3
 Sinayi, 2:C3
 Sinayi, dezè, 2:C4
 Sinayi, mòn (Orèb), 2:C4, 9:D4
 Sirakiz, 13:B2
 Sirèn, 13:D3
 Siri, rejyon, 6:B3, 8:C3, 9:D3, 11:C2, 13:H3
 Sisil, rejyon, 13:G2
 Siyon, mòn, 14:B6
 Siz, (Chouchan), 6:C3, 7:B3, 9:G3
 Snid, zile, 13:E2
 Sodòm ak Gomò, zòn, 10:C8
 Sorèk, rivyè, 1:B6, 10:A6, 11:A6
 Soukòf, an Ejipt, 2:B2
- Soukòf, an Izrayèl, 3:C4, 4:C3
 Sous An-wogèl, 12:C7
 Sous Giyon, nan Jerizalèm, 12:D6
 Suèz, gòlf, 2:B4
- Tabò, mòn, 1:C3, 3:C3, 4:C2, 10:C3, 11:C3, 14:C6
 Tanas, (Ramsès), 2:B2
 Tanp, flèche, nan Jerizalèm, 12:D5
 Tanp, machpye pou ale nan tanp la, nan Jerizalèm, 12:D5
 Tanp, nan Jerizalèm, 12:C4
 Tas, 13:G2
 Tèb, 5:B4, 6:B4, 7:A4, 8:C4
 Tekoa, 10:B6
 Tesaloni, 8:C2, 13:D1
 Tiberyas, 11:C3
 Tig, rivyè, 5:C2, 6:C2, 8:D3, 9:G3
 Tir, 1:B2, 3:B1, 4:B1, 9:D3, 10:B1, 11:B2, 13:H3
 Tolmayis (Ako), 1:B3, 11:B3, 13:H3
 Tonm Jaden, nan Jerizalèm, 12:B3
 Trans-Jouden, plato lès, 14:D2
 Troie, 6:A2, 7:A2, 9:B2
 Twa Tavèn yo, 13:B1
 Twoas, 13:E2
- Wòd, zile yo, 9:B3, 13:E3
 Wòm, 8:B2, 13:A1
- Yamouk, rivyè, 1:C3, 10:C3, 11:C3
- Zablon, tribi, 3:B3
 Zerèd, rivyè, 1:C8, 2:D2, 3:C8, 4:C5, 10:C8, 11:C8
 Ziklag, 4:B5
 Zin, dezè, 2:C2


FOTO BIB YO

Foto sa yo sou sit enpòtan yo montre peyi kote Jezi te mache a, kote pwofèt biblik yo te viv ak anseye, ak kote anpil evènman nan ekriti yo te pase.

Rezime

Kat anba a montre lokasyon foto yo ki nan seksyon sa a. Nan paj apre yo, chak foto nime-wote akonpaye pa yon deskripsyon brèf sou lye a. Apresa yo bay lis evènman ekriti enpòtan yo pou zòn sa a, ansanm avèk referans ekriti yo pou nou ka konnen ki kote pou nou jwenn plis bagay pou nou li sou evènman sa yo.

1. Rivyè Nil la ak Ejipt
2. Mòn Sinayi (Orèb) ak Dezè Sinayi a
3. Dezè Jideyan an
4. Kadès-baneya
5. Tonb Patriyach yo
6. Peyi Kolin Jideya
7. Bètleyèm
8. Jerizalèm
9. Tanp Ewòd la
10. Machpye Tanp lan
11. Mòn Olivye a
12. Jaden Jetsemane
13. Gòlgota
14. Tonm nan Jaden an
15. Jeriko
16. Chilo
17. Sichèm
18. Dotan nan Samari
19. Sezare ak Laplèn Charon pou ale nan Kamèl
20. Jopa
21. Vale Jizreyèl
22. Mòn Tabò
23. Lanmè Galile a ak Mòn Beyatitid yo
24. Kapènwòm
25. Rivyè Jouden
26. Sezare Filipi
27. Nazarèt
28. Dan
29. Atèn
30. Korent
31. Efèz
32. Il Patmòs



1. Rivyè Nil la ak Ejip




Vejetasyon ki grandi sou tout rivaj rivyè Nil la. Nan yon kote konsa, manman Moyiz te kache pitit gason l lan ki te tibebe a. Pi lwen, nou wè zòn dezè yo ki kouvri pi fò nan Ejip la.

Evènman Siyifikatif yo: Se Ejiptis ki te dekouvri peyi a (Abr. 1:23–25). Abraram t ale an Ejip (Jen. 12:10–20; Abr. 2:21–25). Yo te vann Jozèf an Ejip, li te vin tounen yon dirijan, epi l te sove fanmi l anba famin (Jen. 37; 39–46).

Desandan Jakòb yo te viv an Ejip (Jen. 47; Egz. 1; 12:40). Pitit fi Farawon an te jwenn tibebe ki rele Moyiz la nan rivyè a epi li te elve l (Egz. 2:1–10). Moyiz te dirije Izrayelit yo soti an Ejip (Egz. 3–14). Mari, Jozèf, ak Jezi te ale an Ejip pou yon ti tan pou yo chape anba men Èwòd (Mat. 2:13–15, 19–21). Nan dènye jou yo, Ejiptyen yo pral konnen Senyè a, epi Senyè a pral beni Ejip (Eza. 19:20–25). (Gade nan GE Ejip.)

2. Mòn Sinayi (Orèb) ak Dezè Sinayi a



Gen plizyè sit posib pou Mòn Sinayi a. Youn nan kote tradisyonèl yo se Jebèl Mousa. (Mòn Moyiz la), nou wè la a.

Evènman Siyifikatif yo: Bondye te parèt devan Moyiz epi L te ba li dis kòmandman yo (Egz. 19–20). Moyiz, Aawon, de nan pitit gason Aawon yo, ak 70 ansyen te wè Bondye epi yo te kominike avèk Li (Egz.

24:9–12). Bondye te bay Moyiz enstriksyon pou l bati tabènak la (Egz. 25–28; 30–31). Izrayelit yo te adore yon ti bèf anlò yo te pèsyade Aawon fè (Egz. 32:1–8). Eli te kouri kite vale Jizreyèl la kote Rèn Jezabèl te rete a (1 Wa 19:1–18). Se nan kote sa a Eli te pale avèk Bondye tou (1 Wa 19:8–19). (Gade nan GE Sinayi, Mòn.)

3. Dezè Jideyen an



Dezè Jideyen an chita nan Lès Jerizalèm epi li desann ale nan Lanmè Mòt la.

Èvènman Siyifikatif yo: Dezè Jideya a te yon refij enpòtan pandan anpil peryòd nan an-syen istwa. David te kache lwen wa Sayil (1 Sam. 26:1–3). Jezi te jene 40 jou ak 40 nuit

(Mat. 4:1–11; Mak 1:12–13). Jezi te itilize wout Jerizalèm pou ale nan Jeriko pa mwayen dezè Jideya a jan foto parabol bon Samari-ten an montre a, paske vwayajè ki te poukont yo te fasil tonbe viktim krim nan zòn nan (Lik 10:25–37). (Gade nan GE Lanmè Mòt.)

4. Kadès-baneya



Sa se yon vizyon sou direksyon nòdès gran vale ki nan dezè a (ki rele wadi tou) kote Kadès-baneya ye a. Kouran ki koule la pandan sezon lapli a fè l tounen yon kote byen mouye ki bay fwi nan dezè Zin nan.

Evènman Siyifikatif yo: Sanble se kote Moyiz te ye lè l te voye 12 gason al espyone tè Kanaran an (Nonb 13:17–30). Li te sèvi

kòm yon baz pou Izrayelit yo pandan 38 an nan prèske 40 an yo te pèdi nan dezè a (Det. 2:14). Mari te mouri epi se la l te antere (Nonb 20:1). Sete teyat rebelyon Korah a, kote pèp la te plenyen an, epi kote baton Aawon an te fè jèm nan (Nonb 16–17). Pre kote sa a Moyiz te frape yon wòch epi dlo te soti (Nonb 20:7–11).

5. Tonb Patriyach yo



Batiman sa a, youn nan konstriksyon ki gen plis renome nan Tè Sen an, se Wa Ewòd ki te konstwi l nan Ebwon nan menm plas tradisyonèl kavo Makpela a, kote Abraram te achte l kòm yon plas pou yon simityè famiyal (Jen. 23).

Evènman Siyifikatif yo: Plas kote Sara (Jen. 23) ak Abraram te antere (Jen. 25:9). Se la Izarak, Rebeka, ak Leya te antere tou (Jen. 49:30–31). Yo te pote kò Jakòb soti an Ejiptal nan Kanaran epi l te antere nan kavo a (Jen. 50).

6. Peyi Kolin Jideya



Peyi kolin Jide a gen anviwon 56 kilomèt nan longè ak 27 kilomèt nan lajè. Majorite tè a plen wòch epi l difisil pou kiltive. Gen kèk vale ki sitiye ant kolin yo kote tè a pi pwodiktif la. Ansyen Izrayelit yo te abite nan kolin sa yo, epi yo te itilize yo kòm pwoteksyon kont anvayisè.

Evènman Siyifikatif yo: Senyè a te pwomèt

Abraram ak desandan l yo tè sa a (Jen. 13:14–18; 17:8). Sara ak Abraram te antere nan kavo Makpela a nan Ebwon (Jen. 23:19; 25:9). David te kaptire Jerizalèm nan men Jebizyen yo (2 Sam. 5:4–9). Plis nan evènman Ansyen Testaman yo, dapre anrejistreman, nan kolin sa yo pase nan nenpòt lòt rejyon.

7. Bètleyèm



Foto sa a montre kolin wòch ak teritwa bèje sou devan, avèk vil modèn Bètleyèm nan ki nan fon.

Evènman Siyifikatif yo: Rachèl te antere tou pre kote sa a (Jen. 35:16–20). Rit ak Bowaz te abite nan kote sa a (Rit 1:19–2:4). Wa

David te fèt epi l te resevwa onksyon kòm wa nan kote sa a (1 Sam. 16:1–13). Sovè a te fèt nan kote sa a, epi bèje yo ak Wa Maj yo te adore Li (Mat. 2:1–11; Lik 2:4–16). (Gade nan GE Bètleyèm.)

8. Jerizalèm



Sou direksyon nò anlè Jerizalèm. Nan mi-tan foto a nou wè yon moniman Mizilman ki kouvri avèk yon tèt won annò, ki rele Dom Wòch la. Nan ansyen tan an, Juif yo te adore nan tanp ki te nan kote sa a. Miray yo ki tou pre Dom Wòch la antoure ansyen vil Jerizalèm nan. Vale Kidwon an chita sou bò dwat mi an. Mòn Olivye a pi lwen sou bò dwat la, men li pa nan imaj la. Nan nò, lòtbò Dom Wòch la, se anplasman posib Gòlgota, oubyen Kalvè a.

Èvènman Siyifikatif yo: Nan tan lontan, Jerizalèm te rele Salèm (Sòm 76:2). Abraram te peye Mèlkisedèk dim (Jen. 14:18–20).

Abraram te vini pou sakrifye Izarak (Jen. 22:2–14). Wa David te kaptire Jerizalèm anba men Jebizyen yo (2 Sam. 5:4–9). Wa Salomon te bati yon tanp (1 Wa 6–7). Leyi te pati pou l ale nan yon tè pwomiz (1 Ne. 1:4; 2). Sovè a te preche, Li te sakrifye tèt Li pou ekspye peche nou yo, epi L te resisite (Mat. 21–28). Jan Sovè a te pwofetize a, Jerizalèm te detwi yon ti tan apre lanmò Li (M—JS 1:3–20). Jerizalèm pral anvayi nan dènye jou yo (Ezek. 38–39; Jowèl 2–3; Apok. 11; 16). Sovè a pral parèt nan kote sa a kòm pati Dezyèm Vini Li a (Zak. 12–14; D&A 45:48–53). (Gade nan GE Jerizalèm; Salèm.)

9. Tanp Ewòd la



Foto sa a montre yon modèl tanp Ewòd la (sou yon echèl 1:50) jan yo te panse l te ye an 67 APRE JEZIKRI. Andedan miray ki antoure tanp lan, gen sanktyè ki gen Sen Dèsen an, plas sen an, ak twa gran lakou.

Èvènman Siyifikatif yo: Jozèf ak Mari te prezante Jezi nan tanp lan lè L te tibebe (Lik

2:22–38). Sovè a te anseye nan tanp lan lè L te gen laj douzan (Lik 2:41–46). Sovè a te chase moun ki t ap chanje lajan yo soti nan tanp lan (Mat. 21:12–13). Sovè a te pwofetize destriksyon tanp lan (Mat. 24:1–2). Nan lefitye, yon tanp pral bati nan Jerizalèm (Ezek. 40–48; Zak. 8:7–9). (Gade nan GE Tanp, kay Senyè a.)

10. Machpye Tanp lan



Zòn tanp lan te divize fè plizyè lakou, epi lakou deyò yo te kanpe sou teren ki pi ba yo. Adoratè yo te antre nan diferan pòt, ansanm avèk pòt ki mennen anwo yo sou machpye ki soti nan lakou deyò yo epi apre nan lakou andedan yo. Anpil milye moun te monte machpye sa yo pandan lontan, Pitit Gason Bondye a tou. Lè lame Tit la te detwi tanp

lan an 70 APRÈ JEZIKRI, machpye yo te kou-vri avèk debri. Kèk akeyològ te dekouvri yo nan ane 1970 yo pandan debleyaj yon pati nan ansyen vil Jerizalèm nan.

Evènman Siyifikatif yo: Ezekyèl te wè gwosè ak fòm tanp ki ta pral bati a nan yon vizyon (Ezek. 40). (Gade nan GE Tanp, kay Senyè a.)

11. Mòn Olivye a



Vi sa a etann sou lès Mòn Olivye a. Bati-man ki devan nan imaj la make yon anplasman posib pou Jaden Jetsemane an. Nan dat 24 oktòb 1841, Èldè Orson Hyde nan Kolèj Douz Apot yo te monte sou Mòn Olivye a epi l te ofri yon priyè konsekrasyon pwofetik pou retou pitit Abraram yo ak konstrik-syon tanp lan.

Èvènman Siyifikatif yo: Wòm te detwi Jerizalèm an 70 APRE JEZIKRI jan Sovè a te predi sou Mòn Olivye a (gade nan M—JS 1:23). Sovè a pral kanpe sou Mòn Olivye a ankò anvan Aparisyon Li devan tout mond lan. (Gade nan Zak. 14:3–5; D&A 45:48–53; 133:19–20; GE Mòn Olivye a.)

12. Jaden Jetsemane



Foto ansyen pye olivye sa a te fèt nan yon sit tradisyonèl Jaden Jetsemane an. Sovè a te priye tou pre kote sa a lè L te fin kite chanmòt la nan nuit yo te trayi L la.

Evènman Siyifikatif yo: Se kote sa a Jezikri te kòmanse soufri pou peche limanite (Mat.

26:36–44; Mak 14:32–41; D&A 19:16–19). Apre priyè Li a Jida Iskaryòt te trayi Li, epi disip Li yo te abandone L pou yon ti tan apre arestasyon Li nan jaden an (Mak 14:50). (Gade nan GE Jetsemane.)

13. Gòlgota



Falèz wòch sa a, ki sanble avèk yon zo tèt epi li dirèk dirèk deyò Pòtay Damas Jerizalèm nan (Jan 19:17, 20), li posib pou se plas Gòlgota a, kote Krisifiksyon an te fèt la.

Evènman Siyifikatif yo: Apre yo te fin filange po Jezi epi moke Li, yo te mennen L nan "yon kote ki rele Gòlgota, . . . yon plas zo tèt," kote yo te krisifye Li (Mat. 27:26–35; Jan 19:17–18). (Gade nan GE Gòlgota.)

14. Tonm nan Jaden an



Lye posib pou tonm nan jaden an Jozèf Arimate te posede a. Gen anpil pwofèt modèn ki panse kò Sovè a te depoze nan tonb sa a yo montre la a.

Evènman Siyifikatif yo: Apre Sovè a te fin mouri sou kwa a, yo te mete kò Li nan yon tonb tou nèf ki te taye nan wòch (Mat.

27:57–60). Twazyèm jou a, plizyè fi t ale nan tonb nan epi yo te wè kò Sovè a pat la (Mat. 28:1; Jan 20:1–2). Apot Pyè ak Jan te ale nan tonb la tou epi yo te wè kò Sovè a pat la (Jan 20:2–9). Sovè resisite a te parèt devan Mari Madlèn (Jan 20:11–18).

15. Jeriko




Foto sa a montre vejetasyon ki nan Jeriko nan tan kounyea. Nan tan lontan li te yon vil ki te antoure avèk miray nan vale Rivyè Jouden an, 252 mètr pi ba nivo lanmè a. Li se yon zòn agrikòl rich kote pye palmis dat ak jaden zoranj fè rak an abondans. Mòn tradisyonèl tantasyon an nan fon foto a (Mat. 4:1–11).

Evènman Siyifikatif yo: Tou pre plas sa a, Jozye ak pitit Izrayèl yo te travèse Rivyè Jouden an pou premye fwa, pou yo te antre nan tè pwomiz la (Joz. 2:1–3; 3:14–16). Senyè a

te fè miray la tonbe mirakilezman devan lame Izrayelit yo (Joz. 6; gade tou nan Ebre 11:30). Jozye te lage yon malediksyon sou vil la (Joz. 6:26), epi sa te akonpli (1 Wa 16:34). Elize te pirifye dlo Jeriko yo (2 Wa 2:18–22). Nan dènye vizit Li a nan Jerizalèm, Sovè a te pase kote sa a, Li te geri avèg ki te rele Betime a epi L te rete avèk Zache, piblikan an (Mak 10:46–52; Lik 18:35–43; 19:1–10). Chemen ki soti nan Jerizalèm pou ale nan Jeriko a te site nan parabòl Bon Samariten an (Lik 10:30–37). (Gade nan GE Jeriko.)

16. Chilo



Nan vi ki bay sou lwès sa a, a, rès ansyen vil Chilo a jis akote sant imaj la sou bò goch la.

Èvènman Siyifikatif yo: Tribi Izrayèl yo rasanble epi yo resevwa pa yo nan teritwa a (Joz. 18–22). Tabènak la ak Lach alyans la tabli nan kote sa a epi yo rete pou anpil santèn

ane (Joz. 18:1). Se kote sa a Àn te priye epi l te dedye pitit gason li a Samyèl pou sèvis Senyè a (1 Sam. 1). Izrayelit yo te pran Lark la nen man Chilo epi Filisten yo te ranpòte laviktwa sou yo, apre sa Filisten yo te kap-tire Lark la (1 Sam. 4:1–11).

17. Sichèm



Ansyen sit Sichèm nan. Nan premye plan an, nou gen Mòn Garizim, epi dèyè li, gen Mòn Ebal. Sichèm sitiye ant de montay sa yo.

Evènman Siyifikatif yo: Abraram te plante tant li nan Sichèm (Jen. 12:6–7). Jakòb te plante tant li isi a epi l te achte yon moso tè

(Jen. 33:18–20). Mòn Garizim te yon mòn benediksyon, alòske Mòn Ebal te mòn malediksyon an (Det. 27–28). Se sou Mòn Ebal la Jozye te leve yon moniman ki gen lalwa Moyiz la epi apre sa li te li lwa a bay Izrayelit yo (Joz. 8:30–35). Zo kò Jozèf yo antere nan Sichèm (Joz. 24:32).

18. Dotan nan Samari



Plizyè bit mòn ak vale karakterize Dotan. Se yon bon tè pou fè patiraj bèt. Lè Izrayelit yo te tabli nan peyi a, Se Manase ki te resevwa reyon sa a.

Evènman Siyifikatif yo: Se nan vale Dotan an yo te vann Jozèf bay Ejip (Jen. 37:12–28).

Abdyas te kache 100 pwofèt nan twou wòch pou sove yo lè Jezabèl t ap eseye touye pwofèt Izrayèl yo (1 Wa 18:13). Lame Siryen an te antoure Elize ak sèvitè li a, yo menm ke Senyè a te sove yo mirakilezman an (2 Wa 6:13–23).

19. Sezare ak Laplèn Charon pou ale nan Kamèl



Vi ki etann nan direksyon nò sou lòt bò an-syen pò Sezare ak Laplèn Charon an. An menm tan an, anlè foto a, nou wè chèn mòn Kamèl yo.

Evènman Siyifikatif yo: Eli te konfwonte fo pwofèt Baal yo sou Mòn Kamèl la (1 Wa 18). *Via Maris* la (Chemen Lanmè a), yon wout enpòtan nan tan lontan, te sitiye sou bò lès Sezare. Apre yon vizyon remakab pandan l te nan Jopa, Pyè te kòmanse ministè a nan

pami Janti yo, pou kòmanse avèk yon san-tiryon Women ki te rele Kònèy nan Sezare (Tra. 10). Filip te preche epi l te abite nan kote sa a epi l te gen kat pitit fi ki te pwofetize (Tra. 8:40; 21:8–9). Pòl te yon prizonye nan vil la pandan dezan (Tra. 23–26). Li te preche Feliks, Fetis, ak Ewòd Agripa II ki te di, “Ou prèske pèsyade m pou m vin tou-nen yon Kreyten” (Tra. 26:28).

20. Jopa



Direksyon nòdwès lòtbò pòt antre vil Jopa a.

Evènman Siyifikatif yo: Jonas te ale nan Jopa pou l pran bato pou ale Tasis (Jonas 1:1–3). Jopa sete pò maritim Salomon te itilize nan yon premye tan, epi Zowobabèl te itilize l nan apre, lè yo t ap pote planch soti nan forè bwased Liban yo pou bati tanp yo a

(2 Kwo. 2:16; Esd. 3:7). Se nan kote sa a Pyè te leve Tabita, ke yo te rekonèt sou non Dòkas tou, anba lanmò (Tra. 9:36–43). Pyè te fè vizyon bèt pwòp ak bèt sal yo tou, ki te revele l nesesite pou l kòmanse ministè a nan pami Janti yo (Tra. 10). Orson Hyde te rive nan kote sa a pou dedye Tè Sen an an 1841.

21. Vale Jizreyèl



Vi ki etann nan direksyon sidwès sou tèt Mòn Tabò a nan direksyon yon pati nan vale Jizreyèl la, ki rekonèt sou non Plèn Esdrayelon tou. Malgre moun te souvan panse ke Vale Jizreyèl la se yon gwo vale, an reyalyite se yon seri vale ki konekte Laplèn Ako a avèk Vale Jouden an ak rejyon Lanmè Galile a. Paregzanp, Vale Megido a nan pòsyon lwès vale sa a. Vale Jizreyèl la sete wout prensipal ki travèse Tè Sen an ant Lanmè Méditerane sou bò lwès ak Vale Jouden an nan lès.

Evènman Siyifikatif yo: Granri prensipal ki konekte Ejipt ak Mezopotami an travèse vale sa a, epi anpil batay te fèt nan kote sa a (Jij 1:22–27; 5:19; 2 Wa 23:29–30). Dènye gwo mezantant nan tè sa a kòmanse avèk batay Amagedon an, ki pral fèt yon ti tan anvan Dezyèm Vini Sovè a; li pran non li nan *Har Megidon*, oubyen Mòn Megido (Ezek. 38; Jowèl 3:9–14; Zak. 14:2–5; Apok. 16:14–16).

22. Mòn Tabò



Nan direksyon nòdwès pou al Mòn Tabò. Tè plat ki antoure Mòn Tabò a fè pati Vale Jizreyèl la. Nazarèt chita sou kolin ki tou pre Mòn Tabò yo.

Evènman Siyifikatif yo: Debora ak Barak te

rasanble fòs yo nan Senyè a kont Jabin, wa Azò (Jij 4:4–14). Mòn Tabò se youn nan plas tradisyonèl Transfigirasyon Sovè a (Mat. 17:1–9); lèt la se Mòn Èmon. (Gade nan GE Transfigirasyon.)

23. Lanmè Galile a ak Mòn Beyatitid yo



Vi ki etann sou direksyon sidwès apati kwen nòdwès Lanmè Galile a, ki se yon lak dlo dous. Kolin nan mitan an se sit tradisyonèl Mòn Beyatitid yo. Kapènowòm sou bò goch la, deyò foto a. Tiberyas pi lwen nan sid bò rivaj lwès la.

Evènman Siyifikatif yo: Sovè a te pase majòrite nan ministè mòtèl Li nan reyon sa a. Se nan kote sa a Li te aple epi Li te òdone Douz Apot yo (Mat. 4:18–22; 10:1–4; Mak 1:16–20; 2:13–14; 3:7, 13–19; Lik 5:1–11), Li te anseye Diskou sou Mòn nan (Mat. 5–7), epi Li te anseye an parabol (Mat. 13:1–52; Mak 4:1–34).

Pami mirak Li te fè yo nou jwenn sa yo: Li te geri yon lepre (Mat. 8:1–4); Li te kalme move tan an (Mat. 8:23–27); Li te chase yon lejyon dyab soti sou yon jèn gason, apre sa yo te antre sou kochon yo ki te kouri al nan lanmè a (Mak 5:1–15); Li te nourri 5.000 ak 4.000 yo (Mat. 14:14–21; 15:32–38); Li te kòmande disip Li yo pou yo voye filè yo, konsa yo te pran anpil pwason (Lik 5:1–6); Li te geri anpil moun (Mat. 15:29–31; Mak 3:7–12); epi Li te parèt apre rezirèksyon L lan pou L te anseye disip Li yo (Mak 14:27–28; 16:7; Jan 21:1–23). (Gade nan GE Galile.)

24. Kapènewòm




Kapènewòm, ki sitiye sou rivaj nò Lanmè Galile a, sete katye jeneral ministè galilèyen Jezi a (Mat. 9:1–2; Mak 2:1–5). Yon katye jeneral lapèch ak komès enpòtan ki te gen anpil sikse, sete abitasyon Janti yo ansanm avèk Juif yo. Popilasyon pandan premye syèk la pwobableman pa t janm depase 1.000 moun. Kapènewòm te sitiye sou kafou wout komèsyal enpòtan yo, avèk tè fètil ki te antoure li. Sòlda women yo te konstwi batiman douch ak depo nan kote sa a. Malgre anpil mirak ki te fèt nan kote sa a, jeneralman pèp la te rejte ministè Sovè a. Se pou tè sa Jezi te modi vil la (Mat. 11:20, 23–24). Apre kèk tan, Kapènewòm te tonbe an dekadans epi l rete san moun.

Èvènman Siyifikatif yo: Yo te rekonèt

Kapènewòm kòm vil “Sovè a menm” (Mat. 9:1–2; Mak 2:1–5). Li te fè anpil mirak nan plas sa a. Pa egzanp, Li te geri anpil moun (Mak 1:32–34), enkli sèvitè santiryon an (Lik 7:1–10), bèlmè Pyè (Mak 1:21, 29–31), nonm paralize a yo te fè kabann li desann atravè plafon an (Mak 2:1–12), ak nonm ki te gen men sèch la (Mat. 12:9–13). Jezi te chase anpil move lespri nan kote sa a tou (Mak 1:21–28, 32–34), Li te leve pitit fi Jayiris la anba lanmò (Mat. 9:18–19, 23–26; Mak 5:22–24, 35–43), epi Li te fè diskou pen lavi a nan sinagòg Kapènewòm nan (Jan 6:24–59). Sovè a te mande Pyè pou l peche yon pwason nan Lanmè Galile a, pou louvri bouch li, epi pou l jwenn yon pyès lajan pou peye taks (Mat. 17:24–27).

25. Rivyè Jouden



Rivyè Jouden an kòmanse nan lò lanmè Galile a, li koule ladan l, epi l kontinye nan sid pou ale nan Lanmè Mòt la. Yo te pran foto sa a tou pre devèsman rivyè a sou Lanmè Galile a.

Evènman Siyifikatif yo: Lòt te chwazi plèn Jouden yo pou tèt pa l (Jen. 13:10–11). Jozye

te divize dlo yo pou kite Izrayelit yo travèse al nan tè pwomiz la (Joz. 3:13–17; 4:1–9, 20–24). Eli ak Elize te divize dlo yo (2 Wa 2:5–8, 12–14). Naaman te geri anba lèp (2 Wa 5:1–15). Janbatis te batize anpil moun, li te batize Sovè a tou (Mat. 3:1–6, 13–16). (Gade nan GE Rivyè Jouden.)

26. Sezare Filipi



Sezare Filipi sitiye nan pye Mòn Èmon an. Kouran sa a se youn nan tèt dlo Rivyè Jou-den yo. Ewòd Filip, ki te dirije zòn sa a, te bati yon vil nan kote sa a pou onore Seza (anperè li a) ak tèt pa li; anvan sa, vil la te rele Panyas epi jodi a li rele Banyas epitou Sezare Filipi.

Evènman Siyifikatif yo: Sovè a te rankontre avèk disip Li yo nan Sezare Filipi. Se nan kote sa a Pyè te deklare ke Sovè a se “Kris la, Pitit Gason Bondye vivan an.” Apre sa, Sovè a te pwomèt Pyè “kle wayòm syèl la yo” (Mat. 16:13–20).

27. Nazarèt



Foto vil modèn Nazarèt sa a te fèt sou di-reksyon sid. Nan epòk bibliik la, Nazarèt te yon ti vilaj.

Evènman Siyifikatif yo: Nefi te wè manman Sovè a nan Nazarèt nan vizyon (1 Ne. 11:13–22). Zanj Gabriyèl te di Mari li t ap ansent Sovè a (Lik 1:26–35). Gabriyèl te di Jozèf pou

l marye avèk Mari epi pou l rele pitit gason Mari a Jezi (Mat. 1:18–25). Jezi te grandi nan Nazarèt (Mat. 2:19–23; Lik 2:4–40; 4:16). Li te preche epi Li te anonse nan sinagòg la ke Li se Mesi a (Lik 4:16–21), men pèp Nazarèt la te rejte Li (Mat. 13:54–58; Lik 4:22–30). (Gade nan GE Nazarèt.)

28. Dan



Ansyen vil Dan nan te rele Leshèm (Joz. 19:47) oubyen Layis (Jij 18:7, 14) anvan Izrayelit yo te kaptire tè a. Kouran dlo yo ki nan kote sa a ansanm avèk kouran dlo nan Sezare Filipi yo se sous prensipal Rivyè Jouden an. Se sit Tanp Jewobowam nan yo montre la a.

Evènman Siyifikatif yo: Abraram te pote Lòt sekou (Jen. 14:13–16). Tribi Dan nan te

kaptire zòn nan epi yo te rele l Dan (Joz. 19:47–48). Jewobowam te tabli yon fo tanp avèk yon ti bèf annò ki te kontribye nan dekadans 10 tribi nan nò yo (1 Wa 12:26–33). Dan sete vil ki te pi fon nan pati nò peyi Izrayèl la, konsa, ekriti yo te pran tè peyi Izrayèl la kòm referans “soti nan Beyècheba jouk nan Dan” (2 Kwo. 30:5; Beyècheba sete vil ki te plis nan nò a). (Gade nan GE Dan.)

29. Atèn




Foto sa a, yo te pran bò Ayewopaj la (Kolin Mas), montre Akwopolis Atèn nan. Atèn sete ansyen kapital Grèk Atika a, epi nan epòk Nouvo Testaman an li te nan pwovens Women ki te rele Akayi a. Yo te nonmen l nan onè deyès payen Grèk ki te rele Atèn. Nan epòk Nouvo Testaman an, Atèn te deja pèdi majorite nan grandè li ak glwa li, men, li te toujou gen estati ak moniman

anpil fodye ak deyès, ansanm avèk “Bondye Enkoni an” (Tra. 17:23).

Evènman Siyifikatif yo: Apot Pòl te vizite vil la epi li te preche diskou li sou “Bondye Enkoni an” nan Kolin Mas la (Tra. 17:15–34). Yo te voye misyonè ki soti Atèn al nan lòt pati Grès yo (1 Tes. 3:1–2).

30. Korent



Korent sete vil prensipal pwovens Women Akayi a. Li te sitiye sou pwent tè ki konekte Peloponesus avèk prinsipal tè Grès la, posasyon ki gen plaj nan kote lès tankou nan kote lwès la. Se te yon vil sou pò a ki te gen richès ak enflyans.

Evènman Siyifikatif yo: Pòl te abite nan Korent pandan ennan edmi epi l te tabli Legliz la nan kote sa a (Tra. 18:1–18). Pòl te ekri plizyè lèt bay manm Legliz yo nan zòn Korent la, de nan lèt sa yo nan Nouvo Testaman an kounyeya (1 ak 2 Korentyen). Epit pou Women yo sanble l te ekri nan Korent.

31. Efèz



Debri teyat Grèk Efèz yo, kote Apot Pòl te preche a. Pandan epòk Nouvo Testaman an, Efèz te gen gran renome nan mitan mond popilè a akoz tanp mayifik li yo ki te bati pou onore deyès paganis Women an, Dyana. An debri kounyeya, yon fwa, Efèz te kapital pwovens Women Azi a epi l te yon gwo katye general pou komès. Endistri ajantri vil la te devlope yon kòmès rantab nan vann imaj Dyana.

Evènman Siyifikatif yo: Apot Pòl te vizite Efèz prèske nan finisman dezyèm vwayaj misyonè li a (Tra. 18:18–19). Nan twazyèm

vwayaj li a li te rete nan vil la pandan dezan. Yo te fòse l soti akoz soulèvman Endistri ajantri a ki t ap pèdi lavant paske Pòl t ap preche kont adorasyon fo deyès Dyana a (Tra. 19:1, 10, 23–41; 20:1). Teyat Efèz la se te pi gwo teyat Grèk yo te bati epi se te kote konpayon Pòl yo te fè fas kare devan yon popilas an kolè (Tra. 19:29–31). Pòl te ekri manm Legliz Efèz yo yon epit pandan kaptivite l nan Wòm. Youn nan sèt branch yo nan Azi ki mansyone nan liv Apokalips la te tabli nan Efèz (Apok. 1:10–11; 2:1).

32. Il Patmòs



Patmòs, yon zile nan Lanmè Eje a kote yo te bani Jan (Apok. 1:9). Daprè tradisyon an, li te travay nan kote sa a nan endistri mab yo.

Evènman Siyifikatif yo: Jan te fè gwo vizyon nou konnen kòm Apokalips la (Liv Apokalips). Senyè a te di l pou l voye l bay sèt Legliz nan Azi yo (Apok. 1:11).


KAT JEYOGRAFIK ISTWA LEGLIZ LA

Kat jeyografik sa yo kapab ede nou pi byen konprann istwa kòmansman Legliz Jezi-kri pou Sen Dènnye Jou yo ak ekriti ki te revele pa mwayen Pwofèt Joseph Smith ak siksesè li yo. Lè nou konnen jeyografi peyi ki mansyone nan ekriti yo, nou kapab pi byen konprann evènman ekriti yo.

Rezime ak Kle

Pwen ki souliye nan kat jeyografik anba a endike konsantrasyon chak kat jeyografik ni-mewote ann apre yo. Kèk nan kat jeyografik sa yo kouvri yon gran rejyon epi kèk lòt konsantre sou yon ti zòn jeyografik ki limite.


1. Nòdès Etazini
2. Palmyra-Manchester, New York, 1820–1831
3. Zòn New York, Pennsylvania, ak Ohio nan Etazini Damerik
4. Kirtland, Ohio, 1830–1838
5. Zòn Missouri, Illinois, ak Iowa nan Etazini Damerik
6. Mouvman Legliz la pou ale nan Lwès la
7. Kat Jeyografik Mond lan



Paragraf apre a se yon kle pou konprann diferan senbòl ak fòm ekriti ki itilize nan kat jeyografik yo. Adisyonèlman, kat jeyografik endividyèl yo kapab gen kle avèk esplikasyon senbòl adisyonèl ki gen rapò avèk kat jeyografik patikilye sa a.

■	Yon kare koulè jòn abriko reprezante yon batiman, yon biznis, oswa yon lòt lokal enpòtan lavil la.	Palmyra	Fòm ekriti sa a itilize pou vil ak vilaj yo.
●	Yon pwèn wouj reprezante yon vil oswa yon vilaj.	NEW YORK	Fòm ekriti sa a itilize pou divizyon politik ki pi piti, tankou rejyon yo epi eta ak teritwa Etazini yo.
<i>Osean Atlantik</i>	Fòm ekriti sa a itilize pou make lokal jeyografik yo, tankou lak yo, rivyè yo, mòn yo, dezè yo, ak vale yo.	KANADA	Fòm ekriti sa a itilize pou divizyon politik ki pi gran, tankou nasyon yo, peyi yo, ak kontinan yo.


1. Nòdès Etazini



- 1. Topsfield** Plas nesans Joseph Smith, papa a, ki te fèt nan dat 12 Jiyè 1771.
- 2. Gilsum** Lucy Mack te fèt nan kote sa a, 8 Jiyè 1775.
- 3. Tunbridge** Joseph Smith, papa a, ak Lucy te marye nan kote sa a, 24 Janvyè 1796.
- 4. Whitingham** Plas nesans Brigham Young, ki te fèt nan dat 1 Jen 1801.
- 5. Harmony** Emma Hale te fèt nan Vil Harmony, 10 Jiyè 1804.


- 6. Sharon** Joseph Smith, pitit la, te fèt nan kote sa a, 23 Desanm 1805 (gade nan I—JS 1:3).
- 7. Lebanon** Fanmi Smith te abite nan kote sa a ant 1811–1813, pandan tan sa a, Joseph Smith, pitit la, te fè yon seri operasyon nan janm.
- 8. Norwich** Fanmi Smith te abite nan kote sa a ant 1814–1816 anvan yo te bwote al nan Palmyra.
- 9. Palmyra** Fanmi Smith te bwote vin nan kote sa a nan lane 1816 (gade nan I—JS 1:3).

2. Palmyra-Manchester, New York, 1820–1831



1. **Kay planch Joseph Smith, papa a** Zanji ki rele Mowoni an te parèt devan Joseph Smith nan yon chanm nan kay chanmòt sa a 21–22 Septanm 1823 (gade nan I—JS 1:29–47).
2. **Fèm Joseph Smith, papa a** Fanmi Smith la te devlope fèm 40 ekta sa a ant 1820 a 1829.
3. **Boskè Sakre** Premye Vizyon Joseph Smith la te fèt nan yon zòn pyebwa nan fèm Smith yo nan kòmansman prentan 1820 (gade nan I—JS 1:11–20).
4. **Kay chapant Joseph Smith, papa a, a** Alvin Smith te kòmanse kay sa a an 1822 epi fanmi Smith te abite ladan l ant 1825–1829.
5. **Kolin Kimora** Se nan kote sa a zanji ki rele Mowoni an te bay Pwofèt Joseph Smith plak lò yo 22 Septanm 1827 (gade nan I—JS 1:50–54, 59).
6. **Fèm Martin Harris** La Fèm sa a te nan lwaye epi yon pati ladan l te vann pou peye pou enprime Liv Mòmòn an.
7. **Shòp enprimri E. B. Grandin an** 5.000 kopi Liv Mòmòn an te enprime nan kote sa a 1829–1830.
8. **Kouran dlo Hathaway** Nan kouran dlo sa a, ansyen rezidan yo te konn souvan rele kouran dlo Crooked la, kèk nan premye batèm yo te fèt nan Legliz la.

3. Zòn New York, Pennsylvania, ak Ohio nan Etazini Damerik



- 1. South Bainbridge** Joseph Smith, piti la, ak Emma Hale te marye nan kote sa a 18 Janvye 1827 (gade nan 1—JS 1:57).
- 2. Colesville** Premye branch Legliz la te òganize la, kay Joseph Knight, papa a, nan vil Colesville la, an 1830.
- 3. Kay Joseph Smith, piti la, nan Harmony** Mawonite Liv Mòmon an te fin tradui nan kote sa a. Prètriz la te retabli tou pre a nan lane 1829 (gade nan D&A 13; 128:20; 1—JS 1:71–72).
- 4. Fayette** Twa Temwen yo te wè plak lò yo ak zanj ki rele Mowoni an isit la (D&A 17). Tradiksyon Liv Mòmon an te fin fèt nan kote sa a an Jen 1829,


- 5. Mendon** Ansyen kay Brigham Young ak Heber C. Kimball.
- Kirtland** Misyonè Legliz la te voye kote Lamanit yo te estasyon nan kote sa a an 1830 epi yo te bawonize Sidney Rigdon ak lòt moun nan zòn Kirtland nan. Li te biwo santral Legliz la an 1831–1838. Premye tanp dispansasyon sa a te bati nan Kirtland epi li te dedye 27 Mas 1836 (gade nan D&A 109).
- New York la** (Colesville, Fayette, ak Manchester) te vwayaje sou kanal Erie a ak Lak Erie a pou yo

Legliz la te òganize nan kote sa a 6 Avril 1830 (gade nan D&A 20–21).

- 8. Hiram** Joseph ak Emma te abite nan kote sa a soti Sepatanm 1831 rive Setpanm 1832. Joseph ak Sidney Rigdon te travay nan Tradiksyon Bib la (TBS). Pwofèt la te revwe revelasyon nan kote sa a: D&A 1; 65–71; 73; 76–77; 99–101; 103.
- Amherst** Legliz la te soutni Joseph Smith kòm Prezidan Gran Prètriz la 25 Janvye 1832 (gade nan D&A 75).
- Toronto** Kay John Taylor, twazyèm Prezidan Legliz la, ak Mary Fielding Smith, madam Hyrum Smith.

emigre ale nan Kirtland, Ohio, an Avril ak Me 1831.

4. Kirtland, Ohio, 1830–1838




- Kay Newel K. Whitney** Joseph ak Emma te abite nan kote sa a pandan plizyè semèn apre yo te soti vin nan Kirtland pou premye fwa a an 1831. Joseph te resevwa plizyè revelasyon nan kote sa a.
- Fèm Isaac Morley** Joseph ak Emma Smith te abite nan kote sa a soti Mas rive Septanm 1831. Premye gran prèt yo te odone nan kote sa a. Joseph te travay sou Tradiksyon Bib Joseph Smith la (tjs).
- Magazen Newel Witney** Premye Prezidans Legliz la te resevwa kle wayòm yo nan kote sa a. Lekòl Pwofèt yo te konn rankontre nan kote sa a pandan ivè 1833 a. Yo t ap travay pou fin fè tjs la nan kote sa a an 1833. Joseph ak Emma te abite nan kote sa a soti 1832 rive 1833. Joseph te resevwa anpil revelasyon nan kote sa a.
- Otèl Johnson** Otèl la te gen premye biwo enprimri nan Kirtland nan. *The Evening and the Morning Star* la te enprime nan kote sa a apre destriksyon prèsenprimri nan Konte Jackson, Missouri. Douz Apot yo te kite kote sa a 4 Me 1835 pou premye misyon yo.
- Kay Joseph Smith, pitit la** Joseph ak Emma te abite nan kote sa a nan fen 1833 rive nan kòmansman 1837. Tradiksyon liv Abraram nan te fini, epi

Joseph te resevwa plizyè revelasyon nan kote sa a.

- Biwo Enprimri** *Lectures on Faith* (Diskou sou Lafwa) la te fèt nan kay sa a. Douz Apot yo ak Premye Kolèj Swasannidiz yo te aple epi yo te odone nan kote sa a. Doktrin ak Alyans yo (1e edisyon), Liv Mòmnan (2yèm edisyon), *The Evening and the Morning Star*, *Latter Day Saints' Messenger and Advocate*, ak premye nimewo *Elders' Journal* la te enprime nan kote sa a.
- Tanp Kirtland nan** Tanp sa a sete premye tanp nan dispansasyon sa a. Jezikri te parèt epi L te akseptè tanp la. Moyiz, Elyas, ak Eli te parèt epi yo te retabli kèk kle prèttriz (gade nan D&A 110). Lekòl Pwofèt yo te rankontre nan kote sa a tou. Legliz la te resevwa revelasyon nan kote sa a: D&A 109–110; 137.

Kirtland Jou 17 Out 1835 la, Doktrin ak Alyans yo te adopte kòm ekriti. Nan pami revelasyon Legliz la te resevwa nan Kirtland yo genyen D&A 41–50; 52–56; 63–64; 72; 78; 84–98; 101–104; 106–110; 112; 134; ak 137. Seksyon 104 la deziye kèk pwopriyete manm Legliz yo dwe resevwa kòm responsablite pou yo patisipe nan lòd ini an (gade nan vèsè 19–46).

5. Zòn Missouri, Illinois, ak Iowa nan Etazini Damerik




1. **Independence** Idantifye kòm lokal santral Siyon an (gade nan D&A 57:3). You anplasan tanp te dechye 3 Out 1831. Popilas la te chase Sen yo soti nan Konte Jackson an 1833.
2. **Rivyè Fishing** Joseph Smith ak Kan Siyon te vwayaje soti nan Kirtland, Ohio, pou ale nan Missouri an 1834 pou retabli Sen Konte Jackson yo nan peyi yo. D&A 105 te revele sou rivaj rivyè sa.
3. **Far West** Sete pi gran koloni Mòmmon nan Missouri. You anplasan tanp te dechye nan lokalite sa a (gade nan D&A 115). La, jou 8 Jiyè 1838 la, Kolej Douz Apot yo te resevwa apèl nan men Senyè a pou yal fè misyon nan Zile Britanik yo (gade nan D&A 118).

4. **Adan-ondi-Aman** Senyè a te idantifye kote sa a nan pi wo Missouri kòm anplasan kote gran rasanbleman pwochen an an pral fet lè Jezikri vini pou rankonte Adan ak desandan ki jis li a (gade nan D&A 78:15; 107:53-57; 116).
5. **Prizon Liberty** Joseph Smith ak lòt moun te anprizonize san rezon nan kote sa a soti Desannm 1838 rive Avril 1839. Nan mitan youn epòk detès pou Legliz la, Joseph te priye Senyè a pou direksyon epi l te resevwa D&A 121-123.
6. **Nauvoo** Lokalize sou Rivyè Mississippi a, zòn sa a sete lye rasanbleman pou Sen yo soti 1839 rive 1846. Nan kote sa a, youn tanp te bati, epi odonans tankou batem pou mo yo, dotasyon, ak selman pou kou pou yo

- te kòmanse. Se nan kote sa a Sosyete Sekou te òganize an 1842. Nan pami revelasyon yo te resevwa yo gen D&A 124-129.
7. **Carthage** Se nan kote sa a Pwofèt Joseph Smith ak frè li a, Hyrum te mouri matrizize jou 27 Jen 1844 (gade nan D&A 135).
8. **Winter Quarters** Pi gwo biwo santral tanporè pou etablisman Sen yo (1846-1848) nan wout pou Vale Lak Sale a. Kan Izrayèl la te òganize pou vwayaj lwès la (gade nan D&A 136).
9. **Council Bluffs (Kanesville)** Legliz la te soutni Premye Prezidan la nan kote sa a 27 Desannm 1847, avèk Brigham Young kòm Prezidan.

6. Mouvman Legliz la pou ale nan Lwès la



- Fayette** Pwofèt Joseph Smith te kite Fayette pou l ale nan Kirtland, Ohio, an Janvye 1831. Twa branch New York yo (Fayette, Colesville, ak Manchester) te suiv annapre an Avril ak Me 1831 sou direksyon Senyè a te ba yo pou yo rasanble (gade nan D&A 37-38).
- Kirtland** Katye jeneral Legliz la te nan Kirtland toudabò, soti 1831 rive 1838.
- Independence** Senyè a te idantifye Independence (nan Konte Jackson, Missouri) kom plas sant Siyon an Jiyè 1831 (gade nan D&A 57:3). Popilasyon la te fòse Sen yo soti nan Konte Jackson an Novanm 1833.
- Liberty** Sen ki te nan Konte Jackson yo te rasanble nan Konte Clay, depi an 1833 jouk an 1836, le gouvènman Misouri a te oblije yo ale anko a. Pwofèt Joseph Smith ak senk lòt moun te anprizonne nan kote sa a soti Desanm 1838 rive Avril 1839.

- Far West** Yon rejij te tabli nan kote sa a pou Sen yo 1836-1838. Sete katye jeneral Legliz la an 1838. An 1838-1839 Sen yo te oblije kouri kite Illinois.
- Nauvoo** Katye jeneral Legliz la 1839-1846. Apre yo te fin touye Pwofèt la ak frè li, Hyrum, Sen yo te kite zòn nan al nan lwès.
- Council Bluffs** Pyonye yo te rive nan kote sa a nan mwa Jen 1846. Mann Batayon Mòmou yo te derape 21 Jiyè 1846, pou direksyon James Allen.
- Winter Quarters** Yon katye jeneral tanporè enpòtan, 1846-1848. Konpayi avanngad la te pati al nan lwès sou direksyon Prezidan Brigham Young an Avril 1847.
- Fort Leavenworth** Batayon Mòmou an te prepare yo nan kote sa a anvan yo te kòmanse mach pou al nan lwès la an Out 1846.
- Santa Fe** Philip Cooke te komande Batayon Mòmou an pandan li ap mache soti nan kote sa a nan 19 Oktòb 1846.

- Pueblo** Twa gwoup moun malad nan Batayon Mòmou an te resewa lòd pou yo te ale nan Pueblo pou yo te kapab refè, kote yo te pase ivè 1846-1847 la avèk Sen ki te soti nan Mississippi yo. Gwoup sa yo te antrè nan Vale Lak Sale a an Jiyè 1847.
- San Diego** Batayon Mòmou an te kompletè mach 3,200 kilomèt li a nan kote sa a 29 Janvye 1847.
- Los Angeles** Batayon Mòmou an te resewva relèv yo nan kote sa a 16 Jiyè 1847.
- Sacramento** Kèk nan manm batayon ki te relve yo te travay nan kote sa a nan Sutter's Mill a pi lwen nan bès bò Rivyè Amerikan a. Yo te la li yo te dekouvi lò yo an Janvye 1848 la.
- Salt Lake City** Katye jeneral Legliz la soti 1847 rive jodia. Brigham Young te rive nan Vale Lak Sale a nan 24 Jiyè 1847.

7. Kat Jeyografik Mond lan



Endèks Kat Jeyografik Istwa Legliz la

Endèks kat jeyografik la kapab ede nou lokalize yon kote patikilye sou kat jeyografik yo. Chak antre gen nimewo kat jeyografik la ladan l, avèk kazye referans ki suiv li a, ki se yon konbinezon lèt ak nimewo. Paregzanp, nou jwenn lokasyon Fort Hall se 6:B1—ki se, kat jeyografik 6, kazye B1. Nou kapab lokalize kazye presi sou chak kat jeyografik lè nou gade nan kowòdone ki nan tèt ak sou kote kat jeyografik sa a. Non plas altènatif yo plase ant parantèz; paregzanp, Council Bluffs (Kanesville).

Adan-on-di-Aman, Missouri, 5:D3	Council Bluffs (Kanesville), Iowa, 5:C1, 6:E2	Hawn's Mill, Missouri, 5:D3	Lak dwèt yo, New York, 1:A3, 3:G2
Afrik, 7:E2		Hiram, Ohio, 3:D4	Lak Erie, 3:D3
Albany, New York, 1:C2	DeWitt, Missouri, 5:E4		Lak Huron, 3:C1
Amerik Santral, 7:B2	Enprimri biwo, Kirtland, 4:B4	Illinois, 5:H3, 6:F2	Lak Ontario, 1:A2, 3:F1
Amherst, Ohio, 3:C4	Ewòp, 7:E1	Independence, Missouri, 5:D4, 6:E2	Lari Cowdery, Kirtland, 4:A3
Antatik, 7:E4	Faktori brik, Kirtland, 4:A2	Indiana, 6:F2	Lari Joseph, Kirtland, 4:A4
Azi, 7:F2	Far West, Missouri, 5:D3, 6:E2	Iowa, 5:E1, 6:E2	Lari Whitney, Kirtland, 4:A3
Bank, Kirtland, 4:B4	Fayette, New York, 1:A3, 3:G2, 6:G1	Johnson otèl, Kirtland, 4:B2	Lebanon, New Hampshire, 1:D2
Boskè Sakre, zòn Palmyra, 2:B3	Fondri, Kirtland, 4:B3	Kalifòni, 6:A3	Liberty, Missouri, 5:D4, 6:E2
Boston, Massachusetts, 1:D3	Fort Bridger, 6:C2	Kanal Erie, New York, 2:A2, 3:F1	Los Angeles, 6:A3
Buffalo, New York, 3:E2	Fort Hall, 6:B1	Kanada, 1:C1, 3:C3, 6:F1	Maine, 1:D1
Carthage, Illinois, 5:G2	Fort Laramie, 6:C2	Kirtland, Ohio, 3:C3, 6:F1	Massachusetts, 1:C3
Chemen Canandaigua, zòn Palmyra, 2:C3	Fort Leavenworth, 5:D4, 6:E2	Kirtland, Tanp, 4:B4	Mcllwaine's Bend, Missouri, 5:E4
Chemen Chillicothe, Kirtland, 4:B4	Freedom, New York, 3:F2	Knight, Joseph, papa a, kay, vil Colesville, New York, 3:H3	Meksik, 6:B3
Chemen Fox, zòn Palmyra, 2:A3	Gallatin, Missouri, 5:D3	Kolin Kimora, zòn Palmyra, 2:C4	Mendon, New York, 3:F2
Chemen Markell, Kirtland, 4:A2	Garden Grove, Iowa, 5:D1	Konte Jackson, Missouri, 5:D4	Missouri, 5:F3, 6:E3
Chemen Schoolhouse Armington, zòn Palmyra, 2:D3	Gilsum, New Hampshire, 1:D2	Konte Ontario, New York, 2:A3, 2:D3	Misyon San Luis Rey, 6:B4
Cleveland, Ohio, 3:C4	Grandin, E. B., shòp enprimri, 2:C2	Konte Wayne, New York, 2:A3, 2:D3	Montrose, Iowa, 5:F2
Colesville, New York, 1:B3, 3:H3	Gran Lak Sale, 6:B2	Kouran dlo Hathaway, zòn Palmyra, 2:B2, 2:D4	Morley, Isaac, fèm, Kirtland, 4:D1
Connecticut, 1:C3	Harmony, Pennsylvania, 1:B3, 3:H3	Kouran dlo Stoney, Kirtland, 4:C3	Moulen, Kirtland, 4:B3
	Harris, Martin, fèm, zòn Palmyra, 2:B1		Mount Pisgah, Iowa, 5:D1
			Nauvoo, Illinois, 5:F1, 6:E2
			New Hampshire, 1:D2

- New Jersey, 1:B4
 New York, 1:B3, 3:E3, 6:G1
 New York City, 1:C4, 6:G1
 Nò Amerik, 7:B2
 Nò Osean Atlantik, 7:C2
 Nò Osean Pasifik, 7:A2, 7:H2
 Nò Rivyè Platte, 6:C1
 Norwich, Vermont, 1:D2
 Ohio, 3:B4, 6:F2
 Orange, Ohio, 3:C4
 Osean Atlantik, 1:D4, 6:H2
 Osean Endyen, 7:F3
 Osean Pasifik, 6:A1, 7:B3
 Ostrali, 7:G3
 Pennsylvania, 1:A4, 3:F4, 6:G1
 Perrysburg, New York, 3:E2
 Philadelphi, Pennsylvania, 1:B4, 6:G2
 Plas Batèm, Kirtland, 4:B2
 Pueblo, 6:C3
 Quincy, Illinois, 5:G2, 6:E2
 Ramus, Illinois, 5:G2
 Rhode Island, 1:D3
 Richmond, Missouri, 5:D4
 Rigdon, Sidney, kay, Kirtland, 4:B4
 Rio Grande, 6:C4
 Rivyè Arkansas, 6:D3
 Rivyè Chagrin, branch lès, Kirtland, 4:B1
 Rivyè Chariton, Missouri, 5:E2
 Rivyè Connecticut, 1:D1
 Rivyè Delaware, 1:B4
 Rivyè Fishing, Missouri, 5:D3
 Rivyè Gila, 6:B4
 Rivyè Grand, Missouri, 5:D2
 Rivyè Hudson, New York, 1:C3
 Rivyè Kanada, 6:D3
 Rivyè Mississippi, 5:G3
 Rivyè Missouri, 5:C2, 5:F4
 Rivyè Pecos, 6:C4
 Rivyè Platte, 5:B1
 Rivyè Snake, 6:B1
 Rivyè Susquehanna, Pennsylvania, 1:A4, 3:G3
 Rochester, New York, 3:F1
 Sacramento, 6:A2
 Salem, Massachusetts, 1:D3
 Salt Lake City, 6:B2
 San Bernardino, 6:B3
 San Diego, 6:B4
 San Francisco, 6:A2
 Santa Fe, 6:C3
 Sharon, Vermont, 1:C2
 Sid Amerik, 7:C3
 Sid Osean Atlantik, 7:D3
 Sid Osean Pasifik, 7:A3
 Sid Rivyè Platte, 6:C2
 Simityè, Kirtland, 4:B3
 Smith, Alvin, Tonb Anplaman, Palmyra, 2:C2
 Smith, Hyrum, kay, Kirtland, 4:B4
 Smith, Joseph, papa a, fèm, zòn Palmyra, 2:B3
 Smith, Joseph, papa a, kay chapan, zòn Palmyra, 2:B3
 Smith, Joseph, papa a, kay planch, zòn Palmyra, 2:B3
 Smith, Joseph, pitit la, kay, 3:H3, 4:B3
 Smith, Joseph, pitit la, magazen varyete, Kirtland, 4:B3
 South Bainbridge, New York, 1:B3, 3:H3
 Springfield, Illinois, 5:H2
 St. Louis, Missouri, 5:H4
 Tanri po bèt, Kirtland, 4:B2
 Teritwa Endyen, 5:B2, 6:D1, 6:D3
 Teritwa Oregon, 6:A1
 Ti rivyè Red, zòn Palmyra, 2:D2
 Ti rivyè Shoal, Missouri, 5:D3
 Thompson, Ohio, 3:D3
 Topsfield, Massachusetts, 1:D3
 Toronto, Kanada, 3:E1
 Tucson, 6:B4
 Tunbridge, Vermont, 1:C2
 Vermont, 1:C2
 Vil Farmington, zòn Palmyra, 2:A4
 Vil Palmyra, New York, 1:A3, 2:D1, 3:G2
 Vil Macedon, zòn Palmyra, 2:A1
 Vil Manchester, New York, 1:A3, 2:D3, 3:G2
 Vilaj Palmyra, New York, 2:C2
 Washington, D.C., 6:G2
 Whitingham, Vermont, 1:C3
 Whitney, Newel K., kay, Kirtland, 4:B4
 Whitney, Newel K., magazen, Kirtland, 4:B2
 Winter Quarters, Teritwa Endyen, 5:B1, 6:E2
 Wout Kalifòni, 6:B2

FOTO ISTWA LEGLIZYO

Foto sit istorik Legliz enpòtan sa yo montre tè kote premye Sen Dènye Jou yo te mache, kote pwofèt modèn yo te viv ak anseye, epi kote anpil evènman nan ekriti yo te pase.

Rezime

Kat jeyografik ki anba a montre lokasyon foto yo nan seksyon sa a. Nan paj apre yo, chak foto ki nimewote gen yon deskripsyon kout ki akonpaye li. Apre sa a, gen yon lis evènman siyifikatif ki te fèt nan lokal ki demontre nan foto a, ansanm avèk referans ekriti pou nou kapab konnen kikote nou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan evènman sa yo pou n li.

1. Boskè Sakre
2. Kolin Kimora ak Zòn Palmyra-Manchester a
3. Kay planch Joseph Smith, papa a
4. Près ak Enprimri Grandin an
5. Rivyè Susquehanna
6. Anplasan Kay Peter Whitmer, papa a
7. Magazen Newel K. Whitney ak Konpayi
8. Kay John Johnson
9. Tanp Kirtland nan
10. Adan-on-di-Aman
11. Anplasan Tanp Far West la
12. Prizon Liberty a
13. Mansion House nan Nauvoo a
14. Magazen Brik Wouj Pwofèt Joseph Smith la
15. Tanp Nauvoo
16. Prizon Carthage
17. Egzòd al nan Lwès la
18. Tanp Salt Lake la



1. Boskè Sakre



Boskè Sakre a tabli nan lavil Palmyra ak Manchester, New York. Rak bwa sa a kanpe sèlman nan lwès kote ti kay planch fanmi Smith la te ye a lane 1820.

Evènman Siyifikatif yo: Aparisyon Papa Bondye ak Pitit Gason li a devan Pwofèt Joseph Smith la te fèt nan rak bwa sa a (1—JS 1:14–20).


2. Kolin Kimora ak Zòn Palmyra-Manchester a



Nan direksyon nò, foto sa a montre Kolin Kimora, nan Manchester, New York. Kolin nan parèt nan kwen ki pi ba sou men dwat foto a epi l rive yon ti kal pi wo pase mwatye foto a. Moniman blan ki vizib nan kwen nò kolin nan rann omaj ak zanj Mowoni ak aparisyon Liv Mòmou an. Kolin Kimora a sitiye anviwon 5 kilomèt nan sidès Boskè Sakre a. Toupre tèt foto a nou wè Vilaj Palmyra a, nan yon distans 6½ kilomèt. Fèm fanmi Smith la ak Boskè Sakre a sitiye sou kote goch ki anlè foto a.

Evènman Siyifikatif yo: Fanmi Pwofèt Joseph Smith la te abite nan zòn sa a nan epòk Premye Vizyon an (I—JS 1:3). Nan 421 APRE JEZIKRI, Mowoni te antere yon pil plak lò nan Kolin Kimora a ki te gen istwa sakre pèp li a (P—M 1:1–11; Mòm. 6:6; Mowo. 10:1–2). Menm Mowoni sa a te di Joseph Smith ki kote pou l te jwenn plak yo sou kolin nan. Mowoni te bay Joseph plak yo nan lane 1827 (D&A 27:5; 128:20; I—JS 1:33–35, 51–54, 59).

3. Kay planch Joseph Smith, papa a



Modèl Kay Joseph Smith, papa a, ki te bati sou anplasan orijinal kay planch ki tou pre Palmyra, New York la. Fanmi Smith te bati kay planch yon etaj edmi sa a pa lontan apre yo te fin rive nan Palmyra. Fanmi an te viv nan kote sa a soti 1819 rive 1825.

Evènman Siyifikatif yo: Pwofèt Joseph Smith te etidye Bib la lakay li pandan l t ap lite pou l aprann ki legliz ki te chita sou la verite (I—JS 1:11–13). Mowoni te parèt devan Joseph epil te pale l konsènan plak Liv Mòmou an (I—JS 1:30–47).

4. Près ak Enprimri Grandin an



Enprimri Egbert B. Grandin an ki restore nan Palmyra, New York, kote premye edisyon Liv Mòmmon yo te pibliye nan lane 1830. Martin Harris te fèt dèt sou fèm li a epi l te vann yon pati ladan l pou l peye lajan pou enprime 5.000 kopi Liv Mòmmon an. Travay tape liv yo te kòmanse nan mwa Out 1829,

epi kopi ki te fini yo te prè nan dat 26 Mas 1830.

Evènman Siyifikatif yo: Martin Harris te resevwa kòmandman pou l bay nan byen l yo san libelibè pou peye dèt pou travay enprime Liv Mòmmon an (D&A 19:26–35).

5. Rivyè Susquehanna



Foto sa a montre Rivyè Susquehanna nan Vil Harmony, Pennsylvania.

Evènman Siyifikatif yo: Joseph Smith, pitit la, te vini nan Harmony pou premye fwa nan lane 1825 pou chèche travay. Limenm ak papa l te fè ladesant tou pre kote sa a lakay Isaac Hale, se kote sa a Joseph te rankontre Emma Hale pou premye fwa, fi sa a ki te vin madanm li nan lavni, (1—JS 1:56–57). Joseph ak Emma te marye 18 Janvyè 1827. Pwofèt la te resevwa plak lò yo 22 Septanm 1827 nan Manchester, New York, epi kèk tan apre sa, li te bwote avèk Emma al nan Harmony, kote l te kòmanse tradui plak yo. Pandan tradiksyon Liv Mòmmon an, Joseph ak

Oliver Cowdery te vle konnen plis konsènan batèm epi yo te mache al nan yon kote nan boskè tou pre a pou yo te priye Senyè a konsènan sijè a. Kòm repons pou priyè sa a, Janbatis te parèt 15 Me 1829 (1—JS 1:66–74; D&A 13). Li te konfere Prètriz Aawon an sou Joseph ak Oliver. Apre sa, yo t ale nan rivyè a epi youn te batize lòt pou remisyon peche yo. Apre sa, Janbatis te bay Joseph ak Oliver direksyon pou youn te òdone lòt nan Prètriz Aawon an. Kèk tan apre sa, Pyè, Jak, ak Jan te parèt ant Harmony ak Colesville epi yo te konfere Prètriz Mèlkisedèk la sou Joseph ak Oliver (D&A 27:12–13; 128:20).

6. Anplasan Kay Peter Whitmer, papa a



Kay planch sa a reprezante kay orijinal Peter Whitmer, papa a nan Fayette, New York.

Evènman Siyifikatif yo: Joseph Smith te fini tradiksyon Liv Mòmòn an nan kote sa a nan finisman jèn 1829. Nan rak bwa tou pre kay sa a, Twa Temwen yo te wè zanj Mowoni an ak plak lò yo. Temwayaj yo ekri kounyeya nan tout kopi Liv Mòmòn yo. 6 Avril 1830,

anviwon 60 moun te rasanble lakay Peter Whitmer pou fonde òganisyon Legliz Jezikri a (D&A 20) nan yon fason ki fòmèl. Premye reyinyon yo ak konferans jèn Legliz la te fèt nan kote sa a. Legliz la te resevwa ven nan revelasyon ki nan Doktrin ak Alyans yo lakay Peter Whitmer.

7. Magazen Newel K. Whitney ak Konpayi



Magazen Newel K. Whitney a te jwe wòl enpòtan nan istwa Legliz la nan Kirtland. Joseph ak Emma Smith te abite nan kote sa a pandan yon ti tan. Plizyè revelasyon te resevwa nan kote sa a. Lekòl Pwofèt yo te fèt nan magazen an soti 24 Janvyè 1833 rive bò Avril 1833.

Evènman Siyifikatif yo: Pwofèt Joseph te resevwa revelasyon konsènan Pawòl Sajès la (D&A 89). Li te fè majorite travay Tradiksyon Joseph Smith sou Bib la (TJS) nan kote sa a.

8. Kay John Johnson



Kay John ak Alice Johnson nan te tabli nan Hiram, Ohio. Chanm sa a nan dezyèm etaj la.

Evènman Siyifikatif yo: Pwofèt Joseph Smith ak madanm li, Emma, te abite nan kay sa a. Joseph ak Sidney Rigdon te resevwa vizyon mèveye sou degre laglwa yo nan prezans plizyè lòt moun nan dat 16 Fevriye 1832

(D&A 76). Pwofèt Joseph Smith te travay tou nan Tradiksyon Bib la (TJS) nan kay sa a. Nan lannuit 24 Mas 1832 a, pandan Joseph ak Emma te abite nan kote sa a, yon popilas aposta ak anti-Mòmmon te bat Joseph ak Sidney anpil epi yo te kouvri yo avèk gou-dwon ak plim poul.

9. Tanp Kirtland nan



Tanp Kirtland nan tabli nan Kirtland, Ohio.

Èvènman Siyifikatif yo: Tanp Kirtland nan sete premye tanp ki te bati nan dispansasyon sa a (D&A 88:119; 95). Nan tanp sa a, Joseph Smith te fè vizyon wayòm selès la (D&A 137). Li te konsakre nan 27 Mas 1836 (D&A 109). Nan 3 Avril 1836, Sovè a te parèt epi Li te aksepte tanp lan kòm yon lye kote Li t ap

revele pèp Li a pawòl Li yo (D&A 110:1–10). Apre aparisyon sa a, Joseph Smith ak Oliver Cowdery te resevwa vizit Moyiz, Elyas ak Eli, yo tout te ba yo kèk kle prèttriz ak enfòmasyon enpòtan (D&A 110:11–16). Tanp sa a te sèvi Sen yo pandan dezan anvivon anvan yo te oblije kouri al nan Kirtland pou-tèt pèsekisyon.

10. Adan-ondi-Aman



Sou direksyon sid nan vale Adan-ondi-Aman nan, yon bèl vale trankil chita nan nòdwès Missouri, tou pre kominote Gallatin an.

Evènman Siyifikatif yo: Twazan anvan l te mouri, Adan te rele desandan li ki te jis yo nan vale sa a epi l te ba yo dènye benediksyon li (D&A 107:53–56). An 1838, Adan-ondi-Aman sete yon koloni ki te gen ant

500 a 1.000 Sen Dènye Jou. Sen yo te abandone koloni sa a lè yo te chase yo soti nan Missouri. Anvan Dezyèm Aparisyon Kris la nan laglwa a, Adan ak desandan l ki jis yo, ki enkli Sen nan tout dispansasyon yo, pral rasanble nan vale sa a ankò pou rankontre Sovè a (Dan. 7:9–10, 13–14; D&A 27; 107:53–57; 116).

11. Anplasan Tanp Far West la



Vilaj Far West, Missouri a te vinabri pou 3.000 jiska 5.000 Sen ki t ap chèche refij kont pèsèkasyon nan Konte Jackson ak Konte Clay. An 1838 Senyè a te kòmande Sen yo pou yo te bati yon tanp nan kote sa a (gade D&A 115:7–8). Pèsèkasyon bandi yo te anpeche yo fè sa. 31 Oktòb menm ane a, yo te arete Pwofèt Joseph Smith ak lòt dirijan Legliz yo epi apre yon pwosè nan Richmond, yo te fèmen yo nan Prizon Liberty a. Pandan livè 1838–1839 la, yo te chase Sen Dènye Jou yo soti nan Far West ak lòt kote

nan Missouri epi yo te bwote al tabli ankò nan Illinois.

Evènman Siyifikatif yo: Yon te konsakre anplasan yon tanp epi yo te poze wòch nan kat kwen yo. Sèt revelasyon Bondye te bay Legliz la te pibliye nan Doktrin ak Alyans yo (seksyon 113–115; 117–120). Joseph F. Smith, sizyèm Prezidan Legliz la, te fèt 13 Novanm 1838 nan Far West. Far West te sèvi pou yon ti bout tan kòm biwo santral Legliz la sou direksyon Pwofèt Joseph Smith.

12. Prizon Liberty a



Prizon nan Liberty, Missouri, apeprè an 1878. Yo te enjisteman fèmen Joseph Smith ak senk lòt frè andedan prizon sa a kote mi yo gen yon lajè 1,2 mètr, soti 1e Desanm 1838 rive 6 Avril 1839. (Yo te lage Sidney Rigdon nan finisman Fevriye a.) Fèmen nan etaj ki pi ba oubyen nan sousòl batiman an, yo te dòmi atè frèt la, kouvri avèk pay, avèk yon ti kras limyè epi nan pwoteksyon nan livè frèt la.

Evènman Siyifikatif yo: Pandan Pwofèt Joseph Smith t ap priye ak tout kè l pou anpil milye Sen Dènye jou yo te chase soti nan Missouri yo, li te resevwa yon repons pou priyè li, li te ekri nan yon lèt li te voye bay Sen ki te egzile yo (D&A 121–123).

13. Mansion House nan Nauvoo a



Joseph Smith, pitit la, ak fanmi l te vin abi-te nan Mansion House Nauvoo a nan mwa Out 1843. Pita, yon lòt pati te ajoute sou bò lès kay la ki te vin fè yon total 22 pyès. Apati Janvyè 1844, Ebenezer Robinson te jere kay la kòm yon otèl, epi Pwofèt la te kenbe sis nan pyès yo pou fanmi l. Kay la te sèvi nan kèk fason kòm yon sant sosyal pou sosyete Nauvoo a. Pwofèt la te resevwa fonksyonè enpòtan nan lokal sa a.

Evènman Siyifikatif yo: Nan 27 Jen 1844, yon

popilas te tire epi touye Pwofèt Joseph ak frè li a, Hyrum, nan Carthage, Illinois, epi Sen yo te pote kò yo nan kay sa a pou eks-poze anvan antèman an. Yo antere yo nan anplasman yon ti simityè famiyal dirèkteman anfas Gran Ri a, sou kote lwès ansyen kay planch kote Joseph te abite lè l te fèk vini nan Nauvoo a. Emma Smith te abite nan Mansion House la jiska 1871. Apre sa, li te bwote al rete nan Kay Nauvoo a, kote l te mouri an 1879.

14. Magazen Brik Wouj Pwofèt Joseph Smith la



Rekonstriksyon magazen ak biwo Joseph Smith, pitit la, sa a te sitiye nan Nauvoo, Illinois. Li te youn nan batiman ki te pi enpòtan nan Legliz la nan epòk Nauvoo a. Non sèlman li te sèvi kòm yon magazen jeneral, li te vin tounen sant aktivite sosyal, ekonomik, politik, ak relijye yo. Joseph Smith te gen yon biwo nan dezyèm etaj la.

Evènman Siyifikatif yo: Anvan tanp lan te fin bati, yo te itilize sal sou tèt magazen an kòm yon sal pou òdonans, kote premye dotasyon konplè yo te fèt. Nan dat 17 Mas 1842, Pwofèt Joseph te òganize medam Legliz yo pou yo fè Sosyete Sekou.

15. Tanp Nauvoo




Tanp orijinal Nauvoo a te bati avèk wòch kalkè ki te disponib nan zòn nan epi ki te gen yon koulè ant gri ak blan. Bilding nan te mezire 39 mètr nan longè ak 27 mètr nan lajè. Tèt flèch fòtrès la te kanpe 48 mètr distans anlè nivo sòl la. Manm Legliz yo te fè gwo sakrifis pou yo te bati bèl tanp sa a, epi yo te kòmanse travay la nan lane 1841. Kèk ladan yo te travay pandan plizyè mwa nan konstriksyon an; kèk lòt te sakrifye lajan yo. Malgre l pat fin bati nèt, tanp lan te plen nèt avèk manm ki te vini pou fè òdonans nan mwa anvan yo te kouri al nan Lwès la. Pandan anpil nan Sen yo te kite Nauvoo nan kòmansman prentan 1846 anba menas vyolans popilas la, yon gwoup espesyal te rete dèyè pou fin bati tanp lan. Nan 30 Avril 1846, Èldè Orson Hyde ak Wilford Woodruff

nan Kolèj Douz Apot yo ak anviwon 20 lòt gason te konsakre kay sa a pou Senyè a. Tanp lan te abandone an Septanm lè popilas la te chase rès manm Legliz yo soti nan Nauvoo; lè sa a, gwoup popilas la te derespekte epi avili batiman sakre a. Dife te detwi andedan an an Oktòb 1848. Tanp rebati a (ki sou foto a la a), yon repwodiksyon fidèl orijinal la, sete Prezidan Gordon B. Hinckley ki te konsakre li nan 27–30 Jen 2002.

Evènman Siyifikatif yo: Konferans Jeneral te fèt nan sal asanble tanp lan 5 Oktòb 1845. Travay dotasyon te kòmanse 10 Desanm 1845 epi l te kontinye jouk 7 Fevriye 1846. Plis pase 5.500 Sen Dènye Jou te resevwa dotasyon yo, epi anpil batèm pou mò yo ak sèlman te akonpli.

16. Prizon Carthage



Penitansye nan vil Carthage la, Illinois.

Èvènman Siyifikatif yo: Joseph Smith ak frè li, Hyrum te kondui al nan Carthage 24 Jen 1844. Yo te mete yo nan prizon 25 Jen anba fo akizasyon pou trayizon. Nan 27 Jen yon

foul moun avèk figi yo maske an nwa te kraze pòt prizon an. Yo te tire epi touye ni Joseph ni Hyrum, epi John Taylor te blese plizyè kote. Bagay pèsonn pa ta kwè, Willard Richards pa t blese.

17. Egzòd al nan Lwès la



Kòmansman degèpisman Nauvoo, Illinois a te planifye pou mwa Mas-Avril, men, poutèt menas popilas la, Prezidan Brigham Young te dirije egzòd Sen yo pou travèse Rivyè Mississippi a kòmanse nan dat 4 Fevriye 1846. Prezidan Young te rete dèyè pou administre dotasyon Sen yo epi l pa t kite Nauvoo jouk nan mitan Fevriye.

Evènman Siyifikatif yo: Anvan lamò l, Pwofèt Joseph Smith te pwofetize, “Kèk nan pami nou pral pati pou ale asiste nan travay tablisman ak konstwi vil epi pou wè Sen yo vin tounen yon gran pèp nan mitan Mòn an Wòch yo.” Prèske 12.000 Sen te

pati kite Nauvoo soti Fevriye rive nan Septanm 1846. Apre Sen yo te kite Winter Quarters ak lòt lokalite, yo te òganize pou tounen konpayi diz moun, senkant moun, ak san moun, sou zòd kaptèn yon konpayi (D&A 136:3). An Septanm 1846, yon popilas ki te gen anviwon 800 gason ame avèk kanno te anvayi Nauvoo. Apre plizyè jou batay, rès Sen yo te oblije rann tèt yo pou yo te kapab sove epi pou yo te gen chans travèse rivyè a epi pou yo te rete sou rivaj rivyè a. Prezidan Brigham Young te voye ekip sekouris avèk ekipman pou kondi “Sen pòv” sa yo.

18. Tanp Salt Lake la



Tanp Salt Lake la, n ap gade apati nòdès. Kèk jou apre premye konpayi pyonye Sen Dènve Jou yo te antre nan Vale Lak Sale a, Prezidan Brigham Young te frape tè a avèk baton li a epi l te deklare, “Se la a n ap bati tanp Bondye nou an.” Yo te foye fondasyon an nan 14 Fevriye 1853. Nan 6 Avril 1853, yo te poze wòch prensipal yo. Tanp lan te fin bati epi l te dedye 40 ane apre nan dat 6 Avril 1893. Premye Prezidans lan ak Kolèj Douz Apot yo rankontre nan kote sa a chak semèn pou yo fè deba epi pou yo chèche direksyon Senyè a

nan fason pou yo administre ak bati wayòm Bondye a.

Evènman Siyifikatif yo: Senyè a bay Prezidan Legliz yo ak lòt Otorite Jeneral yo yon devèsman lespri revelasyon nan kote sa a, ki gen ladan l Deklarasyon Ofisyèl 2 a. Sa pa gen lontan, Premye Prezidans lan ak Konsèy Douz Apot yo te apwouve nan yon sèl vwa epi yo pibliye “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan.” Òdonans tanp ki akonpli pou ni vivan ni mò yo beni lavi anpil milyon moun.